AL-QUR'AN DAN TERJEMAHNYA

(BAHASA JAWA)

AL-HUDĀ

الهدى

في تفسير القرآن الكريم

القائد لواء الدكتور ندوس الحاج بكري شهيد

مدير الجامعة الإسلامية الحكومية الإندونيسية (سابقا)

جوكجاكرتا - إندونيسية

باللغة الجاوة

في تفسير القرآن الكريم

الدكتور الحاج مدي شهير

مدير الجامعة الإسلامية الحكومية الإندونيسية (سابقا)

جوكجاكرتا - إندونيسية

باللغة الجاوة

Al-Huda

Tafsir Qur'an basa Jawi

Sarana tuntunan maos ejaan sastra Latin
Sarta keterangan sawatawis ingkang
wigatos murakabi

Dening
(Brigjen Purn) Drs. H Bakri Syahid.
(Rumiyin) Rektor IAIN Sunan Kalijaga Yogyakarta

MENTERI AGAMA
REPUBLIK INDONESIA

SAMBUTAN MENTERI AGAMA R.I.
PADA PENERBITAN TAFSIR „AL-HUDA" DALAM BAHASA JAWA

BISMILLAHIRRAHMANIRRAHIM

Assalamu 'alaikum w.w.

Al-Qur'an adalah kitab suci ummat Islam yang merupakan pedoman bagi kehidupan kaum Muslimin. Karena itu mempelajari Al-Qur'an adalah merupakan amal utama bagi setiap orang Islam.

Al-Qur'an dipelajari dengan segala kesungguhan. Dari segi bahasanya mengungguli ahli bahasa atau sastrawan. Bahasa Al-Qur'an mempunyai kekhususan yang karenanya merupakan mu'jizat yang memberikan hujjah kepada Nabi Muhammad sebagai Rasulullah.

Al-Qur'an yang diturunkan dalam Bahasa Arab menguatkan kedudukan Bahasa Arab bukan hanya sebagai bahasa bangsa Arab, tetapi juga dipergunakan sebagai bahasa dunia di mana terdapat ummat Islam.

Sementara itu, tidak sedikit para ahli lebih jauh meneliti tentang Al-Qur'an. Al-Qur'an merupakan sumber ilham dan ilmu yang memberikan dorongan untuk mendalami isi dan makna Al-Qur'an.

Pada tempatnyalah, apabila Al-Qur'an dengan segala aspeknya telah dan terus akan diteliti orang. Al-Qur'an telah diterjemahkan ke dalam berpuluh Bahasa di dunia. Usaha penafsiran Al-Qur'an pun terus dilakukan orang.

Dengan ucapan syukur alhamdulillah saya menyambut dengan penuh harapan atas terbitnya „AL-HUDA" usahanya Kol. Drs. H. Bakri Syahid yang merupakan tafsir Al-Qur'an dalam Bahasa Jawa. Usaha yang dilakukan oleh Kolonel Drs. H. Bakri Syahid untuk memberi tafsir Al-Qur'an dalam Bahasa daerah (Jawa) merupakan usaha yang masih jarang dilakukan orang. Karenanya usaha ini merupakan usaha yang akan menambah kekayaan khazanah literatur keagamaan, khususnya tentang Al-Qur'an.

Terbitnya Tafsir „AL-HUDA" merupakan pedoman untuk memudahkan masyarakat dalam memahami Al-Qur'an dengan sebaik-baiknya dalam usaha meningkatkan penghayatan dan pengamalan ajaran Al-Qur'an.

Ummat Islam hidup dan kehidupannya mencerminkan kehidupan yang dipengaruhi oleh ajaran dan tuntunan yang terkandung dalam Al-Qur'an. Al-Qur'an sebagai petunjuk akan selalu menerangi hidup dan kehidupan ummat Islam.

Sebenarnyalah, hakekat Al-Qur'an tidak hanya sekedar untuk dibaca, tetapi lebih dari dibaca, untuk diresapkan dan diamalkan isi maknanya dan semangatnya sehingga mempunyai pengaruh dalam kehidupan diri pribadinya, masyarakat, bangsanya dan ummat Islam.

Dengan mengamalkan ajaran Al-Qur'an berarti ummat Islam menempatkan Al-Qur'an sebagai rahmat bagi kehidupan manusia.

Dalam kaitannya sebagai bangsa Indonesia, ummat Islam dengan mengamalkan Al-Qur'an berarti ikut membangun bangsa dan negara. Sebab kehidupan agama merupakan unsur utama dalam mengokohkan kehidupan bangsa dan negara yang berdasarkan Pancasila dan Undang-Undang Dasar 1945.

Apabila isi Al-Qur'an benar-benar digali dan dikaji akan dapat dibuktikan betapa besarnya Al-Qur'an memberi bimbingan dalam setiap kegiatan manusia untuk hidup baik di dunia dan di akhirat.

Akhirnya, saya berharap terbitnya Tafsir ,,AL-HUDA" ini akan berguna bagi masyarakat dalam membina kehidupan beragama dan bermasyarakat. Demikian pula kiranya dapat mendorong para ahli untuk menelaah dan menggali ilmu pengetahuan yang bersumber dari kitab suci Al-Qur'an. Usaha yang telah dilakukan, baik oleh kalangan Islam sendiri maupun di kalangan sarjana Barat masih terlalu sedikit apabila dibandingkan dengan luas dan dalamnya isi Al-Qur'an.

Semoga Allah SWT akan selalu memberikan bimbingan taufiq dan kita selalu di jalan yang diridloi Allah SWT.

Wassalam,

MENTERI AGAMA R.I.

H. ALAMSYAH RATU PERWIRANEGARA.

سورت تندا تصحيح

نومر: J - III / 206 / B - II / 77

مصحف القرآن ٣٠ جزء دان ترجمهانڽ دالم بهاس جاوى، اكوران ١٥ × ٢٣ س.م يڠ د تربتكن اوليه: "باكوس عرفة" جوكجاكرتا، تله د تصحيح اوليه لجنة فنتصحيح مصحف القرآن د فرتمين اڬام ريفوبلك إندونيسيا. فدا تڠڬل: ٢٠ - ٨ - ١٩٧٧ م.

جاكرتا، ٢٠ - ٨ - ١٩٧٧ م

لجنة فنتصحيح مصحف القرآن

كتوا، (الحاج محمد صوابى إحسان)

سكرتاريس، (أ. بدرى يونردى)

اڠڬوتا - اڠڬوتا

١ - كياهى الحاج شكرى غزالى
٢ - كياهى الحاج أ. زينى مفتاح
٣ - كياهى الحاج إسكندر إدريس
٤ - كياهى الحاج مختار لطفى الانصارى
٥ - الحاج عبيد الله السرى
٦ - الحاج س. محمد السرى
٧ - الحاج عبد الله كليڠ

Wewenangipun ingkang ngarang kaayoman ing angger-angger Nagara

Cetakan Pratama – 1979
Cetakan Kapindho – 1982
Cetakan Katelu – 1983

Perakit pola offset : H. Djarnawi Hadikusuma
H. Mh. Djaldan Badawi
Penyungging : Drs. Abdulhamid Dimyathi

Percetakan offset PT. Bagus Arafah
Yogyakarta – Indonesia

P u r w a k a

Assalamu 'alaikum warahmatullaahi wabarakaatuh !

Para sutrisna, sumangga kula dherekaken sesarengan asesanti ngunjukaken Puji lan Syukur ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Murbengtitah, Pangeran Sesembahaning para manungsa ingkang anurunaken Al Quraan mulya, sarta ngaturaken katresnan jati Salawat tuwin Salam mugi Allah karsa maringaken dhumateng Junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.

Dhuh kadang kula ummat Islam, sayektos tindak-tanduk, sarta solah-bawa lan muna-muni, dalah tata rakiting Bebrayan kita punika manawi adhedhasar sesuluhing Wahyu Kitab Suci Al Quraan, gesang kita pribadi badhe agesang Mursyid, lan patembayan kita ing Bebrayan badhe tata, karta, raharja sarta dinamis! Sih-sinihan lan tulung-tinulung wonten ing makarya sesarengan ambangun Masyarakat ingkang langkung sae, langkung adil, langkung makmur wonten ing zaman modern. Inggih punika makmur ingkang mumpuni kabetahaning wadhag (material) lan kabetahaning kajiwan (spiritual), dados wonten imbangan trajuning bobot Kadonyan lan Akheratipun (gesang ing zaman Kalanggengan). Pramila ambangun Bangsa sarta mbina watak-wantuning Bangsa adhedhasar taqwa ing Allah S.W.T. kedah dipun santosani sayektos!

Para sutrisna, luhuring Nagari sabab saking luhuring Budi-Budaya lan Budi-Pakertining Bangsa, makaten ugi kosok wangsulipun.

Wawasan Nusantara, gagasan kagunan kita piyambak, sampun anelakaken kayakinanipun sarta anggarisaken kawicaksananipun, bilih ngagesang punika ateges gesang berjoang, inggih punika perjoanganipun manungsa-budaya ingkang sarwa mantep ing keamanan lan kemakmuran!

Gadhah gregut ambengkas kamiskinan sarta kabodhohan wonten ing era Pembangunan tehnologi modern, ananging tetep kenceng angrembakakaken Kapribaden Nasional.

Manungsa-budaya punika wonten ciri-cirinipun khas, inggih punika aktif ing laladan (gatra) ideologi, ekonomi, politik, pertahanan, keamanan, agama, sosial lan budaya!

Langkung-langkung patembayatan sarta bebrayan ing madyaning olah-kaprajan, kasandhunging rata tinakdir Pangeran ingkang Maha Wasesa, ngasta pusaraning praja, kawogan makmuraken Rakyat mayuta-yuta, saestu Kitab Suci Al Quraan punika badhe paring pinten-pinten Sesuluh, sarta Taufik lan Hidayah, makaten ugi Pitedah ingkang leres wonten ing spektrum Nasional kita, ing bab sapta-gatra kasebat nginggil!

Ananging para sutrisna, sampun katampi wantah, bilih terminologi ing salebeting Al Quraan punika persis kados ingkang kaucapaken ing jaman tehnologi-modern sapunika. Ingkang kula maksud „motive and drives"ipun, utawi pola lan rame ing gawenipun, (punapa samesthinipun tiyang ngagesang) norma-normanipun sampun kaweca ing Quraan sarana kaidah-kaidah fundamentil ingkang sarwa gumathok!

Dados manawi ngersakaken dipun jlentrehaken atharik-tharik, kaidah-kaidah fundamentil kala wau, kedah dipun saranani malih ilmu-ilmu sosial sanes-sanesipun, kadosta, ilmu jiwa, ilmu bumi, ilmu sejarah, ilmu hukum, ilmu politik-strategi (kewiraan), ilmu etnologi, sosiologi, geografi, demografi, ekologi, makaten ugi ilmu-ilmu eksakta sanes-sanesipun.

Mila kasinggihan kita sadaya ambangun Bangsa lan ambangun watak-Bangsa punika boten gampil, kapara rumpil, ananging punika kuwajiban ingkang mulya!

Dhuh sanak kadang kula Bangsa Indonesia, makaten ugi ingkang nembe nganglang Buwana ing sajawining rangkah Nusantara, ingkang makarya ing pertanian, perdagangan, kesenian, paguron, pesantren, pawiyatan-luhur, pemimpin, pegawai, ABRI, transmigran, lan para sutrisna sadaya, kula caos atur pamrayogi mbok inggiha sawatawis wekdal, sinambi rileks, kula aturi maos Kitab Quraan punika, Kitab ingkang dados Panutan kita sadaya!

Para sutrisna ingkang minulya, kula amiwiti nyerat Tafsir Quraan tarjamah Jawi punika estunipun wiwit nalika kula angayahi tugas Karyawan ABRI wonten ing Sekretaris Negara R.I. ing Bidang Khusus, tahun 1970 ngantos kula dados pamong-mahasiswa, Rektor IAIN Sunan Kalijaga Yogyakarta, tahun 1972 dumugi tahun 1976.

Wekdal samanten tambah wiyar sesrawungan kula, kathah mitra ing Jakarta sarta Daerah-daerah, ugi ing tlatah transmigrasi, tepangan lami lan enggal saking Suriname, sarta kanca-kanca Jama'ah Hajji ing tahun 1955 lan tahun 1971, ing wekdal samanten para kadang sami saresehan ing Mekah lan Madinah, saking putra wayah sadherek Malaysia, wonten ing dalemipun Syekh Abdulmanan, pangagenging para Syekh ing Saudi Arabia, ugi sadherek-sadherek saking Singapore, Muangthai, lan Philipina, ingkang asal usulipun tiyang Jawi ingkang lelana, santri wiwit alit mila.

Giliging saresehan sami kraos lan rumahos, sarta prihatos, wontenipun Tafsir Al Quraan ingkang katarjamahaken basa Jawi sastra Latin, rinakit tuntunan maos sarana sastra Latin, lan sawatawis katerangan ingkang wigatos murakabi.

Dene sawatawis katerangan ing kitab punika, sumber kula mendhet inti-ning tafsir utawi katerangan cekak-aos saking kitab-kitab kasebat ing daftar Kapustakan.

Matur sewu nuwun dhumateng panjenenganipun Kyai K.R.T. H.Wardan Dipaningrat, Pengulu Kraton Ngayogyakarta, sarta Ustadz Rahmat Qasim, Ruhaniwan RS PKU Muhammadiyah Yogyakarta, ingkang sampun kersa niti-priksa ngantos sarampungipun. Mugi-mugi dadosa 'amal-shaleh wonten ing pangayunaning Allah S.W.T. Amien.

Pramila pambabaripun Kitab AL HUDA, Tafsir Al Quraanul Kariim basa Jawi punika, mugi-mugi Gusti Allah S.W.T. paring Hidayah lan Taufik, wonten faedahipun ing Masyarakat, dadosa amal jariyah kula sakkulawarga, Amin, Amin, Amin Yaa Rabbal 'Alamiin.

Yogyakarta, 2 Mei 1977

Drs. H. Bakri Syahid
Purnawirawan ABRI

C A C A L A
saking Penerbit „Bagus Arafah"

Yogyakarta, 1 Oktober 1977

Assalamu 'alaikum w.w.

Kula andherek bingah muji syukur ing Gusti Allah s.w.t. dene panjenenganipun pangarang sampun kaleksanan ngrampungaken karya kitab Al-Huda, satunggaling Tafsir Al Quraanul Karim basa Jawi, babaran tahun 1977, tahun Orde Baru menggahing perjoangan Bangsa Indonesia.

Saking katerangan riwayat-hidup ing kalangan Angkatan Bersenjata Republik Indonesia, bilih pangarang punika kalahiran ing kampung Suronatan kacamatan Ngampilan, kotamadya Yogyakarta, tanggal 16 Desember 1918, dinten Senen Wage.

Pasinaonipun Agami wonten ing Kweekschool Islam Muhammadiyah, tamat tahun 1935, Guru H.I.S. Muhammadiyah Sepanjang, Surabaya lan Sekayu, Palembang ngantos tahun 1942. Wonten ing tahun 1957 tugas sinau dumugi tammat ing Institut Agama Islam Negeri „Sunan Kalijaga" Yogyakarta, tanggal 16 Januari 1963. Dening Jenderal A. Yani (almarhum) dipun tugasaken nglajengaken pendidikan Militer ing Amerika Serikat tahun 1964, Fort Hamilton, New York, U.S.A.

Dharma bakti ingkang dipun alami: komandan Kompi, Wartawan Perang No.6 - MBT, Kepala Staf Batalion STM-Yogyakarta, Kepala Pendidikan Pusat Rawatan Ruhani Islam Angkatan Darat, Wakil Kepala PUSROH ISLAM A.D. lan Asisten Sekretaris Negara R.I., sarta wiwit tahun 1972–1976 ngasta Rektor IAIN Sunan Kalijaga Yogyakarta.

Bakda punika lajeng pensiun saking Kolonel Infanteri NRP. 15382 Angkatan Darat, lan tanggal 1 Oktober 1977 dipun sumpah kalantik dados anggota Majelis Permusyawaratan Rakyat R.I., fraksi ABRI.

Dene sawatawis karya ing nalika taksih mahasiswa, kadosta: Tata-Negara R.I., Ilmu Jiwa Sosial, Kitab Fekih, Kitab 'Aqaid, lan sabakdanipun makarya wonten kalangan Pawiyatan Luhur IAIN Yogyakarta, ambabar malih kitab Pertahanan Keamanan Nasional, Ilmu Kewiraan, lan Ideologi Negara Pancasila, ugi kawedalaken dening penerbit Bagus Arafah, jalan H. Agus Salim No. 21, Yogyakarta, tilpun 2476.

Cetakan pratama AL HUDA punika nembe kababar tahun 1979, mugi-mugi wonten manfaatipun ing Era Pembangunan Indonesia sarta Pembangunan Da'wah Islam, amin!

Dhumateng para karyawan lan Pimpinan Percetakan offset „Persatuan" ngaturaken agenging panuwun.

Penerbit

„Tumuruning Kitab Al-Quraan iki, ing sajerone wus ora mamang maneh, terang saka ngarsaning ALLAH, Pangeran Sesembahaning 'alam Jagad-rat pramudita"

(Surat As-Sajadah : 2)

KAPUSTAKAN:

1. Abdul Jalil 'Isa, *Al Mushhaful Muyassar.*
2. Sayid Quthub, *Fi Zhilaalil Quraan.*
3. Ahmad Musthafa Al Maraaghy, *Tafsir Al Maraaghy.*
4. Muhammad Rasyid Ridha, *Tafsir Al Manaar.*
5. A. Yusuf Ali, *The Holy Quran.*
6. Prof. Dr. T. M. Hasbi Ashshiddiqy, *An Nur - Tafsir Quraanul Majid.*
7. Ahmad Hasan, *Tafsir Al Furqaan.*
8. Ki Bagoes H. Hadikoesoemo, *Hikmah Qoeraniyah - Poestaka Hadi.*
9. W. J. S. Poerwodarminta, *Kawi-Djarwa,* Bale Poestaka.
10. W. J. S. Poerwodarminta, *Baoesastra Indonesia-Djawi,* Gunseikanbu-Kokumin Tosyokyoku.
11. Ibnu Katsir, *Tafsir Al Quraanil 'Azhiim.*
12. *Al Quraanul Hakim,* Pakistan, 1935.
13. Prof. Dr. H. Mukhtar Yahya, *Cathetan pribadi, Kuliyah Tafsir Quraan.*
14. Prof. Dr. H. A. Mukti Ali, *Pitulas warni-warni karanganipun.*
15. *Kalawarti Al-Jami'ah,* IAIN - Sunan Kalijaga, Yogyakarta.
16. *Panel Discussion Pimpinan Pusat Muhammadiyah,* Yogyakarta, 1977.
17. Zoetmulder S. J. Dr. P. J. *Pantheisme en Monisme.*
18. Rinkes, Dr. D. A. *De Heiligen van Java.*
19. M. Natsir, *Fiqhud Da'wah.*
20. *Encyclopedia of Social Sciences.*
21. Kanjeng Susuhunan Kalidjaga, *Kidoengan.*
22. K. G. P. A. A. Mangkunegara IV, *Serat Wedha Tama.*
23. Kanjeng Susuhunan Paku Buwono IV, *Serat Woelangreh.*
24. Prof. K. H. R. Muhammad Adnan, *Tuntunan Iman dan Islam.*
25. Drs. Romdlon, *Kepercayaan Masyarakat Jawa.*
26. Prof. Dr. R. M. Ng. Poerbotjaroko dan Tardjan Hadidjaja, *Kapoestakan Djawa,* 1952.
27. Kolonel Drs. H. Bakri Syahid, *Ilmu Kewiraan,* 1976.
28. Muhammadiyah Majlis Tabligh, *Tuntunan Shalat,* 1943.
29. Pusroh Islam Angkatan Darat, *Himpunan Do'a-Do'a,* 1967.
30. Direktorat Jenderal Urusan Haji, *Manasik Haji dan Do'a Ziarah,* 1970.
31. Majlis Tarjih, Pusat Pimpinan Muhammadiyah, *Kitab Iman dan Sembahyang,* 1929.
32. Drs. Mahjunir, *Mengenal pokok-pokok Antropologi dan Kebudayaan,* 1967.
33. Sayyid Abdul A'la Maududi, *Islamic Way of Life,* 1967.
34. Presiden Soeharto, *Kata terpilih,* Departemen Penerangan R.I., 1970.
35. Symposium IAIN Syarif Hidayatullah Jakarta, *Mengamankan Sila Ketuhanan Jang Maha Esa,* 1970.
36. Prof. Harsojo, *Pengantar Anthropologi,* 1967.
37. Prof. Dr. A. Sjalabi, *Sedjarah dan Kebudajaan Islam,* 1971.
38. Drs. H. Bakri Syahid, *Ideologi Negara Pancasila.*
39. Departemen Pertahanan Keamanan R.I., *Dharma Pusaka 45,* 1972.
40. Drs. Sidi Gazalba, *Islam integrasi Ilmu dan Kebudayaan.*
41. K. R. Muhammad Wardan, *Kitab Falak dan Hisab,* 1957.

Baboning terjemah dhumateng basa Jawi ing antawisipun saking Kitab „Al Quraan dan Terdjemahnja", Departemen Agama R.I. 1965. Jakarta-Indonesia.

Paringipun hadiah Bapak Menteri Agama R.I. panjenenganipun almukarram Kyahi Haji Muhammad Dachlan, Allahu yarhamuh.

*

CARA ANGGINAKAKEN EJAAN MAOS:

Maksud ingkang baku, ejaan maos kaserat aksara Latin wonten ing sangandhaping huruf Arab, maligi kagem para kadang kula ingkang dereng trampil maos Quraan langsung saking huruf Arab. Kagem ingkang sampun biasa sarta lancar, kaanggepa seratan ejaan maos aksara Latin punika boten wonten.

Ancas kula malih, sageda kagem pedoman guru, ingkang langsung nyemak maosipun saking huruf Arab, dene murid tetep sawatawis wekdal maos saking aksara Latin; punika saweneh cara praktis.

Wondene ejaan saking huruf Arab dhumateng Latin, kula andherekaken methode saking Departemen Agama R.I. - Jakarta, kados kaserat ing ngandhap punika:

Kh	=	خ	(khaa')	Sy	=	ش	(syiin)
Dh	=	ض	(dhaad)	Th	=	ط	(thaa)
Dz	=	ذ	(dzal)	Ts	=	ث	(tsaa')
Gh	=	غ	(ghain)	Zh	=	ظ	(zhaa)
H	=	ه	(haa')	Z	=	ز	(zaai)
Q	=	ق	(qaaf)	' '	=	ع	('ain)
Sh	=	ص	(shaad)	'	=	ء	(hamzah)

aa — pratandha maos a ingkang panjang, upami : Al Quraan, 'aalamiin.
ii — pratandha maos i ingkang panjang, upami : Muslimiin.
uu — pratandha maos u ingkang panjang, upami : Muslimuun.
a — kangge anggantos pratandha fat-ha ing nginggil alif, upami: Qur'aan, sarta a ingkang kaping kalih punika tandha panjang.

MAJLIS ULAMA'
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
Alamat: Kantor Wilayah Dep. Agama D.I.Y.

Yogyakarta, 7 Mei 1979.

Atur pangayu bagya Majlis Ulama' D.I. Ngayogyakarta awit saking pambabaripun kitab A L H U D A tarjamah/Tafsir Al Quran basa Jawi 30 juz ingkang kasusun saha kaimpun dening Sdr. Drs. H. Bakri Syahid ingkang nate ngasta Rektor I.A.I.N. Sunan Kalijaga.

Assalamu 'alaikum wr. wb.

Alhamdulillah kita ngunjukaken puji lan sukur wonten ing ngarsanipun G. Allah ingkang maha mirah saha maha asih, awit saking kanugrahanipun sampun saged kababar kitab terjamah Al Quran basa Jawi 30 juz ingkang sinebat ,,AL-HUDA" karanganipun Sdr. Drs. H. Bakri Syahid ingkang nate ngasta kalenggahan Rektor I.A.I.N. Sunan Kalijaga ing Ngayogyakarta.

Inggih sarana kababaripun kitab kasebat, ateges badhe anambah khazanah kitab agami Islam wonten ing negeri kita Republik Indonesia ingkang wonten ing salebeting pembangunan punika estu-estu ambetahaken pinten-pinten sarana kangge ambangun akhlak saha budi utami tumrap bangsa Indonesia.

Wonten ing wekdal akhir-akhir punika sampun kathah kitab-kitab tafsir utawi terjamah Al Quran ingkang mawi basa Indonesia. Miturut pangertosan saha paniti kita, taksih sekedhik sanget ingkang sami ngedalaken terjamah ingkang mawi basa Daerah. Ing mangka –sarana mboten ngirang-ngirangi menggah kalenggahanipun basa Indonesia ingkang dados basa kebangsan kita– taksih kathah para maos ingkang rumaos langkung saged rumasuk lan rumesep wonten ing raos lan penggalihipun menawi piyambakipun maos buku ingkang mawi basa Daerah umpaminipun basa Jawi, Sunda lss.

Pramila inggih saking pembabaripun kitab AL HUDA punika, ateges sampun saged dipun cekapi kabetahanipun para maos ingkang taksih remen maos buku-buku ingkang mawi basa Daerah khususipun basa Jawi, ingkang kita piyambak inggih taksih sering dipun takeni dening sedherek ingkang ambetahaken Al Quran terjamah basa Jawi.

Mugi-mugi sarana medalipun kitab Al Huda punika, sageda anambahi saha mahanani paedah ingkang sakelangkung ageng tumraping Negari lan bangsa Indonesia ingkang saweg nedheng-nedhengipun ambangun.

Aamiin yaa Robbal 'aalamiin.-

Wassalam.

SESEPUH UMUM MAJLIS ULAMA
D.I. NGAYOGYAKARTA



(BPH. H. PRABUNINGRAT)

سُوْرَةُ الْفَاتِحَةِ مَكِّيَّةٌ وَاٰيَاتُهَا سَبْعٌ

AL FAATIHAH (BEBUKA) [1]

Surat kaping 1 : 7 ayat
Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, tumurun sawuse surat Al-Muddatstsir

1. Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih. [2]

١ - بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim

2. Kabeh pangalembana kagunganing Allah Pangeran [3] Sesembahaning 'alam jagad-rat pramudita.

٢ - اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۙ ۝

Alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin.

3. Kang Maha Murah Maha Asih.

٣ - الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۙ ۝

Arrahmaanir rahiim

4. Kang Ngratoni ing dina Piwales [4]

٤ - مٰلِكِ يَوْمِ الدِّيْنِ ۝

Maaliki yaumid diin

5. Namung dhumateng Paduka piyambak kita sami manembah 'ibadah, saha namung dhumateng Paduka piyambak kita sami anyenyadhong pitulungan.

٥ - اِيَّاكَ نَعْبُدُ وَاِيَّاكَ نَسْتَعِيْنُ ۝

Iyyaaka na'budu wa iyyaaka nasta'in

6. Dhuh Gusti Allah, mugi Paduka paring Pitedah ing kita sadaya lumampah wonten ing margi ingkang leres.

٦ - اِهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيْمَ ۙ ۝

Ihdinash shiraathal mustaqiim

---

1) Surat punika kawastanan Al Faatihah (Bebuka) utawi Faatihatul Kitab (Bebukaning Kitab), sabab dados surat ingkang kaping sapisan wonten ing rakit susunanipun Al Quraan. Kawastanan ugi Ummul Kitab ingkang ateges Baboning Kitab, utawi Pokoking Kitab sabab ngewrat sawatawis, lan ngemot samodyaning isi Quraan. Wonten ingkang namekaken As Sab'an Matsaani, utawi Sab'an minal Matsaani, tegesipun Pitu ingkang tansah kawaos wongsal-wangsul, sebab pitung ayat saking Al Faatihah punika tansah dipun waos marambah-rambah saben nindakaken raka'at shalat.

2) Ayat punika dipun wastani Basmallah, jangkepipun maos „Bismillaahirrahmaanirrahiim", utami sanget kawaos saben badhe tumindak kasaenan. Allah, inggih punika Dzat ingkang Maha Suci, ingkang saestu kagungan Hak dipun sembah-sembah lan kapundhi-pundhi. Ar Rahman, Maha Mirah, lan Ar Rahim, Maha Asih, punika sifat-sifat sabagean saking sifat-sifating Allah ingkang kathah sanget.

3) Rabb, Tuhan utawi Pangeran, ingkang wajib dipun sembah-sembah.

4) Maalik, Ngratoni utawi ingkang Kagungan Pènguwaos Agung, utawi ingkang kagungan Yaumiddin, Dinten Piwales, tegesipun dinten piwalesipun sadaya amaling Manungsa nalika wonten ing 'Alam Donya.

7. Inggih punika margi, Agaminipun para tetiyang ingkang sampun Paduka paringi kani'matan, sanes ingkang sami kabendon, tuwin sanes ingkang sami sasar. 5)

٧ - صِرَاطَ الَّذِيْنَ اَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ ۙ غَيْرِ الْمَغْضُوْبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّآلِّيْنَ ۝

Shiraathal ladziina an'amta 'alaihim, ghairil magh.dhuubi 'alaihim waladl dlaal-liin.

Isi maksud ingkang wigatos ing Surat Al-Faatihah:

Intisari saking isinipun Al-Quraan punika sampun kaweca pokok-pokok ingkang fundamentil wonten salebeting Surat Al Faatihah, kados kasebut ing ngandhap punika:

1. Bab 'aqaid utawi kaimanan: punika kuwajiban ingkang wiwitan kaampil, ingkang dipun da'wahaken dening Junjungan kita Nabi Muhammad s.a.w., makaten ugi dening para andika Rasul saderengipun. Ingkang baku inggih punika **'aqidah-tauhid** (memundhi saha mangeran namung dhumateng Panjenenganipun Allah piyambak). 'Aqidah-tauhid wau dados jejering piwucal Agami, sadaya para andika Nabi Utusaning Allah kautus ngampil tugas-pokok mbangun Tauhid ing Allah, sarta ngrebahaken sadaya kamusyrikan, ugi ngajak Ummatipun supados samia 'ibadah (manembah) ing Allah piyambak, lan nilar sadaya brahalanipun.

2. 'Ibadah: utawi ngumawula lan manembah ing Allah, ingkang kuwajiban sadaya titah, langkung-langkung manungsa (sabab manungsa punika makhluk ingkang saged damel kabudayan wonten ing 'alam Donya). Ingkang baku wonten sakawan, inggih punika: Shalat, Zakat, Shiyam, lan kesah Hajji. Saking ingkang baku kasebut, lajeng tuwuh malih 'Ibadah ingkang minangka dados pangipun, upami saking Shalat, tuwuh 'ibadah memuji, ndedonga, dzikir, lan tafakkur utawi i'tikaf ing Masjid. Saking Zakat lajeng tuwuh 'ibadah qurban, sidqah, weweweh lan tetulung ing sasaminipun, lan saking Shiyam tuwuh watak wira'i (mboten ndremis, lan mboten kathah sesambat), sumingkir saking ingkang nama lelangkungan (gesang prasaja). Lajeng saking Hajji tuwuh semangat ambelani sarta labuh ing Agami.

3. Angger-angger Hukum lan Pernatan-pernatan: maksudipun Syari'at Islam damel angger-angger hukum lan pranatan punika kangge karaharjaning ummat manungsa ing Donya dumugi ing Akheratipun. Pramila ing salebeting Quraan ngemot pinten-pinten norma lan katamtuwan, upami hukum, politik, tatanagari, sosial, ekonomi, perang, dhame, sesambetan internasional, kabudayan sarta kesenian, agami, sesambetaning manungsa kaliyan Allah, lan lingkungan sapiturutipun.

4. Janji sarta ancaman: artosipun supados ngadeg keadilan lan kaleresan ingkang saestu. Sanajan wonten Donya saged lolos saking hukuman, nanging wonten ngarsaning Allah ing dinten Qiyamat tamtu boten saged lolos malih.

5. Sejarah: maksudipun ingkang saged dados tepa-palupi ing salebeting sesrawungan ummat manungsa, sampun ngantos damel sejarah awon, gesang sapisan wonten ing 'alam Donya.

5). **Sasampunipun maos Faatihah tumunten maos „Aamiin", artosipun: „Dhuh Gusti Allah, mugi Allah kapareng nampi panuwun kula.**

سُوْرَةُ الْبَقَرَةِ مَدَنِيَّةٌ اِلَّا اٰيَةَ ٢٨١ فَنَزَلَتْ بِمِنًى فِىْ حَجَّةِ الْوَدَاعِ

AL BAQARAH (SAPI WADON) [6]

Surat kaping 2 : 286 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, dadi wiwitane Surat kang tumurun ana ing Madinah, kajaba ayat 281 tumurun ana ing Mina nalika Hajji Wada'

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

١ـ الٓمّٓ ۝

Alif laam miim.

1. Alif, Laam, Miim. [7]
Amung Allah piyambak kang priksa maksude.

٢ـ ذٰلِكَ الْكِتٰبُ لَا رَيْبَ ۛ فِيْهِ ۛ هُدًى لِّلْمُتَّقِيْنَ ۝

Dzaalikal kitaabu laa raiba fiih, hudal lil muttaqiin.

2. Kitab Al Quraan iki, ing sajerone wus ora ana mamang maneh terang saka ngarsaning Allah, dadi pituduh tumrap wong kang padha taqwa ing Allah. [8]

٣ـ الَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِالْغَيْبِ وَيُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ۝

Alladziina yu'minuuna bilghaibi wa yuqiimuunash shalaata wa mimmaa razaqnaahum yunfiquun.

3. Yaiku wong kang padha iman [9] angestokake prakara ghaib,[10] lan padha ngedegake Sholat,[11] sarta padha andanakake sebageyan rezeki kang wus Ingsun paringake ing dheweke.

---

6). Pramila kawastanan Surat Al Baqarah (Lembu Estri) sebab salebetipun surat punika wonten cuplikan sejarah Bani Israil. Inggih punika dhuk nalika Nabi Musa a.s. dhawuh dhumateng ummatipun supados mragat lembu estri, lan buntutipun supados dipun kethok perlu kangge anggebuk janazah, tumunten saged gesang sakedhap saperlu nerangaken sinten ingkang mejahi. Kasus pidana raja pejah punika meh-meh boten kaleksanan, jalaran Bani Israil kaloka watakipun negatif ing Agama, lan tamak ing Kadonyan.

7). Hikmahipun supados nenarik manahing tiyang kepingin nyumerepi wigatosipun!

8). Taqwa inggih punika ta'at dhawuhing Allah, sarta trengginas nebihi pepacuhipun.

9). Iman punika pitados ingkang yektos, gentur 'ibadahipun, sae budi-pekertinipun, wening nalar bebudenipun, kathah amal kesaenanipun.

10). Ghaib punika ingkang boten saged kagayuh ing pancaindera, upami Allah, Malaikat, Dinten Qiyamat, Suwarga, Neraka lan sanes-sanesipun.

11). Shalat wajib sarta shalat sunnat ingkang sampun sering ummat Islam sami nindakaken, kawiwitan takbir, dipun pungkasi salam, minangka manembah ing Allah.

4. Lan wong kang padha iman angestokake Kitab kang diturunake marang sira Muhammad, lan Kitab kang wus diturunake sa durungira, sarta dheweke padha yakin[12] marang Akherat. [13]

٤ - وَالَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِمَآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ وَمَآ اُنْزِلَ مِنْ قَبْلِكَ ۚ وَبِالْاٰخِرَةِ هُمْ يُوْقِنُوْنَ ۝

Wal ladziina yu'minuuna bimaa unzila ilaika wamaa unzila min qablik, wabil aakhiratihum yuuqinuun.

5. Wong kang mangkono mau oleh pituduh saka Pangeran Sesembahane, lan wong kang mangkono mau yaiku wong kang padha begja.

٥ - اُولٰٓئِكَ عَلٰى هُدًى مِّنْ رَّبِّهِمْ ۗ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

Ulaa-ika 'alaa hudam mir rabbihim wa ulaa-ika humul muflihuun.

6. Muhammad! Dene wong kang padha kafir, satemene tumrap dheweke mau padha bahe sira pepilingi utawa ora sira pepilingi, tetep padha ora gelem Mu'min.

٦ - اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا سَوَآءٌ عَلَيْهِمْ ءَاَنْذَرْتَهُمْ اَمْ لَمْ تُنْذِرْهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

Innal ladziina kafaruu sawaa-un 'alaihim a-andzartahum am lam tundzirhum laa yu'minuun.

7. Allah wus ngecap marang ati-atine, lan pangrungu-pangrungune, sarta paningal-paningale ana tutupe. Lan dheweke iku bakal padha nampa siksa kang gedhe banget.

٧ - خَتَمَ اللّٰهُ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ وَعَلٰى سَمْعِهِمْ ۗ وَعَلٰٓى اَبْصَارِهِمْ غِشَاوَةٌ ۖ وَّلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ۝

Khatamallahu 'alaa quluubihim wa 'alaa sam'ihim, wa'alaa abshaarihim ghisyaawa tuw walahum 'adzaabun 'azhiim.

8. Lan sawenehe para manungsa ana kang celathu: ,,Aku iya padha ngestokake marang Allah, lan dina Akhir'', ananging sajatine dheweke mau dudu golongane para Mu'minin. [14]

٨ - وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّقُوْلُ اٰمَنَّا بِاللّٰهِ وَبِالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَمَا هُمْ بِمُؤْمِنِيْنَ ۝

Wa minan naasi may yaquulu aamannaa billaahi wabil yaumil aakhiri wamaa hum bi mu'miniin.

12). Yakin tegesipun boten goreh utawi boten mamang malih.

13). Akherat punika kosokwangsulipun Donya, inggih punika gesang langgeng bakda Qiyamat.

14). Masyarakatipun para manungsa anampi dhawuhing Al Quraan punika kenging kagerba dados tigang kategori: sapisan Muttaqin, ingkang sami ajrih ing Allah, ndherek dhawuh, sarta nilar pepacuhipun; kaping kalih Kafiriin, ingkang sami mbalela sarta maiben, lan nyatroni Islam; kaping tiga Munafiqiin, ingkang semrawut, rawan, sarta lelamisan, tumindakipun sarwa bruwet, licik sanget ngumpetaken negatif fanatikipun, meh kados kanker ing masyarakat. Kadosta komersiil jabatan, besel, boten disiplin lan sanes-sanesipun.
Tigang golongan punika wonten ing Quraan sampun dipun beberaken menggah sifat sarta kawusananipun sarana gamblang!

9. Karepe arep padha ngapusi Allah, lan wong kang padha Mu'min, ananging sajatine mung padha ngapusi awake dhewe, ananging ora padha krasa rumangsa.

٩ ـ يُخٰدِعُوْنَ اللّٰهَ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۚ وَمَا يَخْدَعُوْنَ
اِلَّآ اَنْفُسَهُمْ وَمَا يَشْعُرُوْنَ ۝

Yukhaadi'uunallaha wal ladziina aamanuu, wamaa yakhda'uuna illaa anfusahum wamaa yasy'uruun.

10. Ing dalem ati-atine ana lelarane, banjur Allah nambahi lelara marang wong mau. Lan dheweke mau bakal kapatrapan siksa kang nglarani banget, sebab anggone wus padha goroh nyethek.

١٠ ـ فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ ۙ فَزَادَهُمُ اللّٰهُ مَرَضًا ۚ وَلَهُمْ
عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۢ بِمَا كَانُوْا يَكْذِبُوْنَ ۝

Fii quluubihim maradhun fazaadahumullahu maradhaa, wa lahum 'adzaabun aliimum bimaa kaanuu yakdzibuun.

11. Ing nalika wong mau didhawuhi: „Sira aja padha agawe rusak [15] ana ing Bumi", atur wangsulane wong-wong mau: „Sanyata aku kabeh iku padha tumindak kabecikan!".

١١ ـ وَاِذَا قِيْلَ لَهُمْ لَا تُفْسِدُوْا فِى الْاَرْضِ ۙ قَالُوْٓا اِنَّمَا
نَحْنُ مُصْلِحُوْنَ ۝

Wa idzaa qiila lahum laa tufsiduu fil ardhi qaaluu innamaa nahnu mushlihuun.

12. Mangertia! Satemene wong-wong mau padha agawe rusak, ananging dheweke ora padha rumangsa.

١٢ ـ اَلَآ اِنَّهُمْ هُمُ الْمُفْسِدُوْنَ وَلٰكِنْ لَّا يَشْعُرُوْنَ ۝

Alaa innahum humul mufsiduuna wa laakil laa yasy'uruun.

13. Lan ing nalika wong mau didhawuhi : „Sira padha imana kaya imane wong-wong kang padha Mu'min". Atur wangsulane wong wong mau: „Apa aku padha dikongkon iman kaya dene imane wong-wong kang padha bodho-bodho?". Mangertia, satemene dheweke iku kang bodho, ananging ora padha mangerti! [16]

١٣ ـ وَاِذَا قِيْلَ لَهُمْ اٰمِنُوْا كَمَآ اٰمَنَ النَّاسُ قَالُوْٓا اَنُؤْمِنُ
كَمَآ اٰمَنَ السُّفَهَآءُ ۗ اَلَآ اِنَّهُمْ هُمُ السُّفَهَآءُ وَلٰكِنْ
لَّا يَعْلَمُوْنَ ۝

Wa idzaa qiila lahum aaminuu kamaa aamanan naasu qaaluu anu'minu kamaa aamanas sufahaa', alaa innahum humus sufahaa-u walaakil laa ya'lamuun.

14. Lan nalika wong mau padha ketemu karo wong Mu'min padha celathu: „Aku kabeh padha iman", ananging sawuse wong-wong mau padha bali ketemu syetan-syetane [17] banjur padha ngucap: „Satemene aku mung padha guyon".

١٤ ـ وَاِذَا لَقُوا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا قَالُوْٓا اٰمَنَّا ۚ وَاِذَا خَلَوْا اِلٰى
شَيٰطِيْنِهِمْ ۙ قَالُوْٓا اِنَّا مَعَكُمْ ۙ اِنَّمَا نَحْنُ مُسْتَهْزِءُوْنَ ۝

Wa idzaa laqul ladziina aamanuu qaaluu aamannaa wa idzaa khalau ilaa syayaathiinihim qaaluu innaa ma'akum innamaa nahnu mustahzi'uun.

15. Damel risak ing Bumi ingkang kasad mripat, lahiriyah, sarta ingkang ngrisak mental, punika ingkang langkung anggegirisi. Wontenipun Volkenbond utawi Persyerikatan Bangsa-Bangsa punika usaha mulya ingkang kedah dipun santosakaken usaha-usahanipun. Punika anelakaken bilih rasa, cipta lan karsa manusiawi punika fitrahipun satunggal, „Kaanan naasu ummatan waahidatan", Al Baqarah:213.

16. Piwulang Agama, ingkang fungsinipun dados unsur Pembangunan Bangsa lan Watak Bangsa punika kuwajibanipun Pamarintah lan Masyarakat, kedah lumampah sesarengan. Kedah dipun jagi sarta dipun bina ingkang sae-sae, sampun ngantos wonten sikap-jiwa nyepelekaken piwulang Agama, kados kasebat ing ayat punika!

15. Allah arsa anggegujeng marang wong-wong mau, lan nguja kasasare kang tansah ana ing kebingungan.

١٥. اَللّٰهُ يَسْتَهْزِئُ بِهِمْ وَيَمُدُّهُمْ فِيْ طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُوْنَ ۝

Allaahu yastahzi-u bihim wa yamudduhum fii thughyaanihim ya'mahuun.

16. Hiya wong mau, wong kang padha tuku sasar nganggo pituduh, ing mangka ora bakal bisa bathi dagangane, lan ora padha oleh Pituduh.

١٦. اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ اشْتَرَوُا الضَّلٰلَةَ بِالْهُدٰى فَمَا رَبِحَتْ تِّجَارَتُهُمْ وَمَا كَانُوْا مُهْتَدِيْنَ ۝

Ulaa ikal ladziinasytarawudh dhalaalata bil hudaa famaa rabihat tijaaratuhum wamaa kaanuu muhtadiin.

17. Sanepane wong mau kaya dene wong kang ngurubake geni, bareng geni mau madhangi ing sakiwa-tengene, Allah banjur nyirnakake pepadhange, lan ninggal dheweke ana ing pepeteng, wong-wong mau ora padha bisa weruh. 18)

١٧. مَثَلُهُمْ كَمَثَلِ الَّذِى اسْتَوْقَدَ نَارًا فَلَمَّآ اَضَآءَتْ مَا حَوْلَهٗ ذَهَبَ اللّٰهُ بِنُوْرِهِمْ وَتَرَكَهُمْ فِيْ ظُلُمٰتٍ لَّا يُبْصِرُوْنَ ۝

Matsaluhum kamatsalil ladzistauqada naaraa, falammaa adhaa-at maa haulahuu dzahaballaahu bi nuurihim wa tarakahum fii zhulumaatil laa yubshiruun.

18. Wong mau padha budheg, bisu, wuta, banjur ora padha bali maneh.

١٨. صُمٌّۢ بُكْمٌ عُمْىٌ فَهُمْ لَا يَرْجِعُوْنَ ۝

Shummum bukmun 'umyun fahum laa yarji'uun.

19. Utawa kaya dene anane udan deres saka Langit, ing kono peteng dhedhet lelimengan, gludhug lan kilat nyamber-nyamber, wong mau padha nutupi kupinge nganggo driji-drijine, jalaran padha wedi mati disamber bledheg, lan Allah iku anglimputi tansah pirsa wong kang padha kafir.

١٩. اَوْ كَصَيِّبٍ مِّنَ السَّمَآءِ فِيْهِ ظُلُمٰتٌ وَّرَعْدٌ وَّبَرْقٌ يَجْعَلُوْنَ اَصَابِعَهُمْ فِيْٓ اٰذَانِهِمْ مِّنَ الصَّوَاعِقِ حَذَرَ الْمَوْتِ وَاللّٰهُ مُحِيْطٌۢ بِالْكٰفِرِيْنَ ۝

Au ka shayyibim minas samaa-i fiihi zhulumaatuw wa ra'duw wa barquy yaj-'aluuna ashaabi'ahum fii aadzaanihim - minash shawaa'iqi hadzaral maut, wallaahu muhiitum bil kaafiriin.

20. Meh bahe paningale wong mau disamber kilat, samangsa kilat mau madhangi dheweke banjur padha lumaku ing pepadhang mau, dene menawa pinuju kepetengan wong mau padha leren. Manawa Allah karsa nyirnakake pangrungu lan paningale wong mau mesthi kelakon; sanyata Allah iku Maha Kuwasa ing samubarang.

٢٠. يَكَادُ الْبَرْقُ يَخْطَفُ اَبْصَارَهُمْ كُلَّمَآ اَضَآءَ لَهُمْ مَّشَوْا فِيْهِ ۙ وَاِذَآ اَظْلَمَ عَلَيْهِمْ قَامُوْا ۭ وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ لَذَهَبَ بِسَمْعِهِمْ وَاَبْصَارِهِمْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰي كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

17). **Maksudipun kepanggih gegedhug pemimpin-pemimpinipun.**

18). **Kejuliganipun tiyang Munafik punika saged manfa'ataken Pitedahing Allah, kados ingkang kasanepakaken ing ayat punika.**

Yakaadul barqu yakhtafu abshaarahum, kullamaa adhaa-a lahum masyaufiihi wa idzaa azhlama 'alaihim qaamuu, walau syaa-allaahu ladzahaba bisam'ihim wa abshaarihim, innallaaha 'alaa kulli syai'in qadiir.

Dhawuh manembah ing Allah

21. He para manungsa! Sira padha manembaha ing Pangeran sesembahanira kang wus anitahake sira lan wong-wong sadurungira, kang mangkono iku supaya sira padha taqwa ing Allah.

٢١. يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱعْبُدُوا۟ رَبَّكُمُ ٱلَّذِى خَلَقَكُمْ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ۝

Yaa ayyuhan naasu'buduu rabbakumul ladzii khalaqakum wal ladziina min qabli kum la'allakum tattaquun.

22. Panjenengane Allah kang wus nitahake Bumi minangka lemek, lan Langit minangka payon kanggo sira kabeh, sarta nurunake udan saka Langit, nuli Panjenengane nukulake sarana banyu iku sawernaning woh-wohan minangka dadi rezeki tumrap sira kabeh, poma dipoma sira aja anggawe sawiji-wiji dadi sakuthuning Allah [19], ing mangka sira padha mangerti dhewe.

٢٢. ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ فِرَٰشًا وَٱلسَّمَآءَ بِنَآءً وَأَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَخْرَجَ بِهِۦ مِنَ ٱلثَّمَرَٰتِ رِزْقًا لَّكُمْ ۖ فَلَا تَجْعَلُوا۟ لِلَّهِ أَندَادًا وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ۝

Alladzii ja'ala lakumul ardha firaasyaw wassamaa-a binaa-aw wa anzala minassamaa-i maa-an fa akhraja bihii minatstsamaraati rizqal lakum, falaa taj'aluu lillaahi andaadaw wa antum ta'lamuun.

Tantangan marang wong Musyrik

23. Dene manawa sira isih padha mamang marang barang kang wus Ingsun turunake marang kawulanIngsun Muhammad, mara padha nekakna Surat siji bahe kang madhani Quraan iki, lan tekakna kanca-kancanira saliyaning Allah, yen nyata sira iku padha temen-temen.

٢٣. وَإِن كُنتُمْ فِى رَيْبٍ مِّمَّا نَزَّلْنَا عَلَىٰ عَبْدِنَا فَأْتُوا۟ بِسُورَةٍ مِّن مِّثْلِهِۦ وَٱدْعُوا۟ شُهَدَآءَكُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝

Wa inkuntum fii raibim mimmaa nazzalnaa 'alaa 'abdinaa fa'tuu bisuuratim mim mitslihi wad'uu syuhadaa akum min duunillaahi in kuntum shaadiqiin.

24. Manawa sira ora padha bisa nandangi, lan mesthi ora bakal bisa nandangi, luwih becik sira padha wedia ing Neraka kang urub -urube manungsa lan watu, dicawisake tumraping wong kang padha kafir.

٢٤. فَإِن لَّمْ تَفْعَلُوا۟ وَلَن تَفْعَلُوا۟ فَٱتَّقُوا۟ ٱلنَّارَ ٱلَّتِى وَقُودُهَا ٱلنَّاسُ وَٱلْحِجَارَةُ ۖ أُعِدَّتْ لِلْكَٰفِرِينَ ۝

Fa il lam taf'aluu walan taf'aluu fattaqun naaral latii wa quuduhan naasu wal hijaaratu u'iddat lil kaafiriin.

25. He Muhammad! Wong kang iman lan padha nindakake amal shaleh, gembirakna yen dheweke iku sanyata bakal nampa Suwarga endah, kali-kaline mili ana ing sangisore, dheweke padha celathu: „Rezeki iki wus tau diparingake marang aku sadurunge ana Suwarga iki", lan wong mau pancen padha diparingi rezeki kang serupa. Sarta ana

٢٥. وَبَشِّرِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ أَنَّ لَهُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ ۖ كُلَّمَا رُزِقُوا۟ مِنْهَا مِن ثَمَرَةٍ رِّزْقًا ۙ قَالُوا۟ هَٰذَا ٱلَّذِى رُزِقْنَا مِن قَبْلُ ۖ وَ

19). Musyrik punika nenuwun dhumateng sasanesipun Allah, upami dhumateng kajeng, sela, kramatan, guwo, lan brahala sanes-sanesipun.

ing Suwarga padha diparingi batih kang suci, lan ana ing kono dheweke padha langgeng

اُتُوْا بِهٖ مُتَشَابِهًا ۭ وَلَهُمْ فِيْهَآ اَزْوَاجٌ مُّطَهَّرَةٌ ۙ وَّهُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Wa basysyiril ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati anna lahum jannaatin tajrii min tahtihal anhaar, kullamaa ruziquu minhaa min tsamaratir rizqan qaaluu haadzal ladzii ruziqnaa min qablu wa utuu bihii mutasyaabihaa, wa lahum fiihaa azwaajum muthahharatuw wahum fiihaa khaaliduun.

Sanepan ing sajeroning Quraan

26. Sanyata Allah ora lingsem yen Panjenengane ndamel sanepa kaya dene lemut, utawa kang luwih remeh; dene wong kang padha iman mangerti yen sanepa iku bener saka ngarsaning Allah Pangeran sesembahane, dene wong kang padha kafir malah ngucap: „Allah ngersakake apa ana ing bab sanepa iki?". Sanepa iku nyasarake wong akeh, [20] uga nuduhake wong akeh, Allah ora kersa nyasarake sarana sanepa mau, kajaba mung marang wong kang padha duraka.

٢٦. اِنَّ اللّٰهَ لَا يَسْتَحْيٖٓ اَنْ يَّضْرِبَ مَثَلًا مَّا بَعُوْضَةً فَمَا فَوْقَهَا ۭ فَاَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا فَيَعْلَمُوْنَ اَنَّهُ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّهِمْ ۚ وَاَمَّا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فَيَقُوْلُوْنَ مَاذَآ اَرَادَ اللّٰهُ بِهٰذَا مَثَلًا ۘ يُضِلُّ بِهٖ كَثِيْرًا وَّيَهْدِيْ بِهٖ كَثِيْرًا ۭ وَمَا يُضِلُّ بِهٖٓ اِلَّا الْفٰسِقِيْنَ ۝

Innallaaha laa yastahyii ayyadhriba matsalammaa ba'uudhatan famaa fauqahaa, fa ammalladziina aamanuu fa ya'lamuuna annahul haqqu mir rabbihim wa ammalladziina kafaruu fa yaquuluuna maadzaa araadallaahu bi haadzaa matsalaa, yudhillu bihii katsiiraw wa yahdii bihii katsiiraa, wamaa judhillu bihii illal faasiqiin.

27. Yaiku wong kang padha ngrusak perjanjianing Allah sawuse dikukuhake, sarta padha medhot barang kang Allah paring dhawuh supaya digathukake, lan padha gawe rusak ana ing Bumi, wong kang mangkono mau wong kang padha rugi.

٢٧. الَّذِيْنَ يَنْقُضُوْنَ عَهْدَ اللّٰهِ مِنْۢ بَعْدِ مِيْثَاقِهٖ ۠ وَيَقْطَعُوْنَ مَآ اَمَرَ اللّٰهُ بِهٖٓ اَنْ يُّوْصَلَ وَيُفْسِدُوْنَ فِي الْاَرْضِ ۭ اُولٰۗىِٕكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ۝

Alladziina yanqudhuuna 'ahdallaahi mim ba'di miitsaaqihii wa yaqtha'uuna maa amarallaahu bihii ay yuushala wa yufsiduuna fil ardh, ulaa-ika humul khaasiruun

28. Kepriye teka sira padha kafir ing Allah, ing mangka sira iku asale barang mati, Allah nuli nguripake sira, banjur Panjenengane mateni ing sira nuli nguripake sira maneh, pungkasane banjur sira disowanake ana ing ngarsaning Allah.

٢٨. كَيْفَ تَكْفُرُوْنَ بِاللّٰهِ وَكُنْتُمْ اَمْوَاتًا فَاَحْيَاكُمْ ۚ ثُمَّ يُمِيْتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيْكُمْ ثُمَّ اِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ۝

Kaifa takfuruuna billaahi wa kuntum amwaatan fa-ahyaakum, tsumma yumiitukum tsumma yuhyiikum tsumma ilaihi turja'uun.

29. Allah wus nitahake isen-isening Bumi kabeh kanggo sira, nuli Allah nyampurnaka-

٢٩. هُوَ الَّذِيْ خَلَقَ لَكُمْ مَّا فِي الْاَرْضِ جَمِيْعًا ۤ ثُمَّ

20). **Allah nyasaraken tetiyang wau sebab piyambakipun ingkar sarta ambeguguk ngutha-waton, boten purun mangertosi pitedahing Allah.**

ke Langit dadi pitung sap, lan Allah iku Maha Wikan ing sakabehing barang.

اسْتَوٰٓى اِلَى السَّمَآءِ فَسَوّٰىهُنَّ سَبْعَ سَمٰوٰتٍ وَهُوَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ۝

Huwal ladzii khalaqa lakum maa fil ardhi jamii'an tsummastawaa ilas samaa-i fasawwaahunna sab'a samaawaat, wa huwa bikulli syai-in 'aliim.

Jejer tumitahing manungsa

30. Lan nalika Allah Pangeranira dhawuh marang para Malaikat: ,,Sanyata Ingsun bakal nitahake sesulih ana ing Bumi". Munjuk ature para Malaikat: ,,Punapa Paduka badhe nitahaken tetiyang ingkang sami badhe damel risak wonten ing Bumi, sarta badhe nguncrataken rah? Ing mangka kita sadaya punika sami memuji sarta nucekaken dhumateng Paduka". Dhawuhing Allah: ,,Satemene Ingsun ngawuningani barang kang sira ora padha mangerti".

٣٠ـ وَاِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلٰٓئِكَةِ اِنِّيْ جَاعِلٌ فِي الْاَرْضِ خَلِيْفَةً قَالُوْٓا اَتَجْعَلُ فِيْهَا مَنْ يُّفْسِدُ فِيْهَا وَيَسْفِكُ الدِّمَآءَ وَنَحْنُ نُسَبِّحُ بِحَمْدِكَ وَنُقَدِّسُ لَكَ قَالَ اِنِّيْٓ اَعْلَمُ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ۝

Wa idz qaala rabbuka lil malaa-ikati innii jaa'ilun fil ardhi khaliifah, qaaluu ataj'alu fiihaa mayyufsidu fiiha wa yasfikud dimaa-a, wa nahnu nusabbihu bihamdika wa nuqaddisu lak, qaala innii a'lamu maa laa ta'lamuun.

31. Allah wus paring priksa marang Adam arane kabeh samubarang wujud apa bahe, nuli Allah andangukake arane barang-barang mau marang para Malaikat. Dhawuhing Allah: ,,Sira padha ngaturna marang Ingsun arane kabeh barang mau, yenta nyata sira padha temen".

٣١ـ وَعَلَّمَ اٰدَمَ الْاَسْمَآءَ كُلَّهَا ثُمَّ عَرَضَهُمْ عَلَى الْمَلٰٓئِكَةِ فَقَالَ اَنْۢبِـُٔوْنِيْ بِاَسْمَآءِ هٰٓؤُلَآءِ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ۝

Wa'allama aadamal asmaa-a kul'aha tsumma 'aradhahum 'alal malaa-ikati faqaala ambi-uunii bi asmaa-ihaa ulaa-i in kuntum shaadiqiin.

32. Munjuk ature para Malaikat: ,,Maha Suci Paduka, kita sadaya boten sami gadhah pangertosan kajawi ingkang sampun Paduka paringaken dhumateng kita, sayektos Paduka punika Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana".

٣٢ـ قَالُوْا سُبْحٰنَكَ لَا عِلْمَ لَنَآ اِلَّا مَا عَلَّمْتَنَا اِنَّكَ اَنْتَ الْعَلِيْمُ الْحَكِيْمُ ۝

Qaaluu subhaanaka laa 'ilmalanaa illaa maa 'allamtanaa, innaka antal 'aliimul hakiim.

33. Dhawuhing Allah marang Adam: ,,He Adam, para Malaikat iku padha sira kabarana katerangan arane kabeh barang sawiji-wiji". Bareng Adam wus rampung ngabarake katerangan arane kabeh barang, dhawuhing Allah : ,,Apa ta Ingsun durung paring pangandika marang sira manawa Ingsun iku ngawuningani ghaibing Langit lan Bumi, lan Ingsun ngawuningani barang kang sira pratelakake lan kang sira umpetake".

٣٣ـ قَالَ يٰٓاٰدَمُ اَنْۢبِئْهُمْ بِاَسْمَآئِهِمْ فَلَمَّآ اَنْۢبَاَهُمْ بِاَسْمَآئِهِمْ قَالَ اَلَمْ اَقُلْ لَّكُمْ اِنِّيْٓ اَعْلَمُ غَيْبَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَاَعْلَمُ مَا تُبْدُوْنَ وَمَا كُنْتُمْ تَكْتُمُوْنَ ۝

Qaala yaa aadamu ambi'hum bi asmaa-i him, fa lammaa amba-ahum bi asmaa-i him, qaala alam aqul lakum innii a'lamu ghaibas samaawaati wal ardhi wa a'lamu maa tubduuna wamaa kuntum taktumuun.

34. Lan nalikane Ingsun paring dhawuh marang para Malaikat: ,,Sira padha sujuda [21]

٣٤ـ وَاِذْ قُلْنَا لِلْمَلٰٓئِكَةِ اسْجُدُوْا لِاٰدَمَ فَسَجَدُوْٓا اِلَّآ اِبْلِيْسَ

21) Maksudipun sujud punika atur pakurmatan, sanes nyembah kados manembah dhumateng Allah.

marang Adam". Para Malaikat tumuli padha sujud, kejaba Iblis kang ora sujud, dheweke mbangkang lan gumedhe, lan dadi golongane wong kang padha kafir.

أَبَىٰ وَٱسْتَكْبَرَ وَكَانَ مِنَ ٱلْكَٰفِرِينَ ۝

Wa idz qulnaa lil malaa-ikatisjuduu li aadama fa sajaduu illaa ibliis, abaa wastakbara wa kaana minal kaafiriin.

35. Lan nalikane Ingsun paring dhawuh marang Adam: ,,He Adam, sira lan rabinira padha manggona ing Suwarga, lan padha mangana woh-wohane Suwarga sakarepira, ananging poma-dipoma sira aja nganti padha nyeraki wit iki satemah sira sakeloron bakal dadi golongane wong kang padha nganiaya".

٣٥ وَقُلْنَا يَٰٓـَٔادَمُ ٱسْكُنْ أَنتَ وَزَوْجُكَ ٱلْجَنَّةَ وَكُلَا مِنْهَا رَغَدًا حَيْثُ شِئْتُمَا وَلَا تَقْرَبَا هَٰذِهِ ٱلشَّجَرَةَ فَتَكُونَا مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝

Wa qulnaa yaa aadamuskun anta wa zaujukal jannata wa kulaa minhaa raghadan haitsu syi'tumaa walaa taqrabaa haadzihisy syajarata fa takuunaa minazh zhaalimiin.

36. Tumuli (Adam lan Hawa) sakeloron diplesetake dening syetan saka Suwarga, lan ngetokake sakarone saka panggonane. DhawuhIngsun: ,,Sira padha mudhuna saka Suwarga. Sawenehira bakal padha memungsuhan kalawan sawenehe, sira bakal padha manggon ana ing Bumi, lan bakal padha diparingi kesenengan tumeka sawatara mangsa".

٣٦ فَأَزَلَّهُمَا ٱلشَّيْطَٰنُ عَنْهَا فَأَخْرَجَهُمَا مِمَّا كَانَا فِيهِ ۖ وَقُلْنَا ٱهْبِطُوا۟ بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ ۖ وَلَكُمْ فِى ٱلْأَرْضِ مُسْتَقَرٌّ وَمَتَٰعٌ إِلَىٰ حِينٍ ۝

Fa azallahumasy syaithaanu 'anhaa fa akhrajahumaa mimmaa kaanaa fiihi wa qulnahbithuu ba'dhukum liba'din 'aduww, wa lakum fil ardhi mustaqarruw wa mataa'un ilaa hiin.

37. Adam banjur nampa pirang-pirang kalimat[22] saka Pangeran sesembahane, Allah nuli nampa ing tobate (Adam lan Hawa), sejatine Panjenengane iku karsa nampa tobat lan kang Maha Asih.

٣٧ فَتَلَقَّىٰٓ ءَادَمُ مِن رَّبِّهِۦ كَلِمَٰتٍ فَتَابَ عَلَيْهِ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ۝

Fa talaqqaa aadamu mirrabbihii kalimaatin fa taaba 'alaih, innahuu huwattawwaabur rahiim.

38. Ingsun paring dhawuh marang Adam: ,,He Adam, sira mudhuna saka Suwarga kabeh bae. Samengko yen sira padha katekanan Pituduh saka NgarsanIngsun, mangka sapa wonge kang manut marang pituduhingsun, wong mau ora bakal kuwatir sarta ora bakal susah.

٣٨ قُلْنَا ٱهْبِطُوا۟ مِنْهَا جَمِيعًا ۖ فَإِمَّا يَأْتِيَنَّكُم مِّنِّى هُدًى فَمَن تَبِعَ هُدَاىَ فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ۝

Qulnahbithuu minhaa jamii'aa, fa immaa ya'tiyannakum minnii hudan fa man tabi'a hudaaya falaa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

39. Wondene wong kang padha kafir sarta padha maido ing ayat-ayatIngsun, wong kang mangkono iku padha andarbeni Neraka, tur ana ing kono padha langgeng.

٣٩ وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَآ أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ۝

Wal ladziina kafaruu wa kadzdzabuu biaayaatinaa ulaa-ika ash-haabunnaar, hum fiihaa khaaliduun.

22). Sawatawis Ulama anerangaken kalimat punika tetembungan tobat nyuwun pangapunten dhumateng Allah.

Pepeling tumrap wong Bani Israil

40. He wong Bani Israil [23], sira padha ngelingana marang kani'matanIngsun kang wus Ingsun paringake marang sira, lan sira padha nuhonana janjinIngsun. Ingsun uga bakal nuhoni janjinira, lan sira padha wediya marang Ingsun.

٤٠ـ يٰبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱذۡكُرُواْ نِعۡمَتِيَ ٱلَّتِيٓ أَنۡعَمۡتُ عَلَيۡكُمۡ وَأَوۡفُواْ بِعَهۡدِيٓ أُوفِ بِعَهۡدِكُمۡ وَإِيَّٰيَ فَٱرۡهَبُونِ ٥

Yaa banii israa-iiladzkuruu ni'matiyallatii an'amtu 'alaikum, wa aufuu bi'ahdii uufi bi'ahdikum wa iyyaaya farhabuun.

41. Lan sira padha percayaa marang Kitab kang wus Ingsun turunake, kang mbenerake Kitab cecekelanira, lan temenan sira aja padha dadi wiwitane wong kang ora percaya ing Quraan, lan sira aja padha nglironi ayat - ayatIngsun kalawan rega kang murah, sarta sira padha wediya marang Ingsun.

٤١ـ وَءَامِنُواْ بِمَآ أَنزَلۡتُ مُصَدِّقٗا لِّمَا مَعَكُمۡ وَلَا تَكُونُوٓاْ أَوَّلَ كَافِرِۭ بِهِۦۖ وَلَا تَشۡتَرُواْ بِـَٔايَٰتِي ثَمَنٗا قَلِيلٗا وَإِيَّٰيَ فَٱتَّقُونِ ٥

Wa aaminuu bimaa anzaltu mushaddiqallimaa ma'akum walaa takuunuu awwala kaafirim bihi walaa tasytaruu bi aayaatii tsamanan qaliilaw wa iyyaaya fattaquun.

42. Lan sira aja padha nyampur barang kang bener kalawan barang kang batal, lan sira aja padha ngumpetake barang bener [24], ing mangka sira padha mengerti.

٤٢ـ وَلَا تَلۡبِسُواْ ٱلۡحَقَّ بِٱلۡبَٰطِلِ وَتَكۡتُمُواْ ٱلۡحَقَّ وَأَنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ٥

Walaa talbisul haqqa bil baathili wa taktumul haqqa wa antum ta'lamuun.

43. Lan sira padha nindakna Sholat, lan padha bayara Zakat, lan padha ruku'a bebarengan wong kang padha ruku'. [25]

٤٣ـ وَأَقِيمُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُواْ ٱلزَّكَوٰةَ وَٱرۡكَعُواْ مَعَ ٱلرَّٰكِعِينَ ٥

Wa aqiimush shalaata wa aatuz zakaata warka'uu ma'ar raaki'iin.

44. Apa sira padha ajak-ajak kabecikan marang para manungsa, ananging sira malah padha nglirwakake awakira dhewe, ing mangka sira padha maca Kitabing Allah? Geneya sira ora padha nandukake nalar budinira?

٤٤ـ أَتَأۡمُرُونَ ٱلنَّاسَ بِٱلۡبِرِّ وَتَنسَوۡنَ أَنفُسَكُمۡ وَأَنتُمۡ تَتۡلُونَ ٱلۡكِتَٰبَۚ أَفَلَا تَعۡقِلُونَ ٥

Ata'muruunan naasa bil birri wa tansauna anfusakum wa antum tatluunal kitaab, afalaa ta'qiluun.

45. Lan sira padha ngupayaa pitulung sarana sabar lan Sholat, lan sanyata Sholat mau pancen abot tumindake, kajaba tumrap wong kang padha konjem atine (khusyu').

٤٥ـ وَٱسۡتَعِينُواْ بِٱلصَّبۡرِ وَٱلصَّلَوٰةِۚ وَإِنَّهَا لَكَبِيرَةٌ إِلَّا عَلَى ٱلۡخَٰشِعِينَ ٥

Wasta'iinuu bish shabri wash shalaah, wa innahaa lakabiiratun illaa 'alal khaasyi'iin.

---

23). Bani Israil punika putra wayahipun Nabi Ya'cub a.s. utawi kawastanan kaum Zionist, utawi tiyang Yahudi

24). Saweneh ingkang dipun umpetaken inggih punika: Allah badhe angutus Utusan saking tedhakturunipun Nabi Isma'il a.s. ingkang badhe ambangun Ummat Agung ing tembe wingkingipun, inggih punika boten wonten sanes Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.

25). Maksudipun Sholat jama'ah, utawi ateges sanes, inggih punika supados sami ndherek dhawuh-dhawuhing Allah sesarengan tiyang-tiyang ingkang ta'at ing Allah.

46. Yaiku wong kang padha ngestokake yen dheweke mesthi bakal padha ketemu ing Pangeran sesembahane, sarta dheweke temen -temen bakal sowan ana ing Ngarsane.

٤٦. اَلَّذِيْنَ يَظُنُّوْنَ اَنَّهُمْ مُّلٰقُوْا رَبِّهِمْ وَاَنَّهُمْ اِلَيْهِ رٰجِعُوْنَ ۝

Alladziina yazhunnuuna annahum mulaaquu rabbihim wa annahum ilaihi raaji'uun.

47. He wong Bani Israil, sira padha ngelingana ing kani'matanIngsun kang wus Ingsun paringake marang sira, lan sanyata Ing sun wus ngunggulake sira ngungkuli tinimbang wong sak 'alam jagad rat p :mudita. 26)

٤٧. يٰبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اذْكُرُوْا نِعْمَتِيَ الَّتِيْٓ اَنْعَمْتُ عَلَيْكُمْ وَاَنِّيْ فَضَّلْتُكُمْ عَلَى الْعٰلَمِيْنَ ۝

Yaa banii israa-iladzkuruu ni'matiyallatii an'amtu 'alaikum wa annii fadh-dhaltukum 'alal 'aalamiin.

48. Lan sira padha wediya ing dina Qiyamat, kang ing dina kono sawijining awak ora bisa males marang awak liya sithik-sithika, lan syafa'at saka awak mau ora ditampa, lan maneh tebusan saka awak mau hiya ora ditampa, sarta dheweke ora padha diparingi pitulungan.

٤٨. وَاتَّقُوْا يَوْمًا لَّا تَجْزِيْ نَفْسٌ عَنْ نَّفْسٍ شَيْـًٔا وَّلَا يُقْبَلُ مِنْهَا شَفَاعَةٌ وَّلَا يُؤْخَذُ مِنْهَا عَدْلٌ وَّلَا هُمْ يُنْصَرُوْنَ ۝

Wattaquu yaumal laa tajzii nafsun 'an nafsin syai-aw walaa yuqbalu minhaa syafaa'atuw walaa yu'khadzu minhaa 'adluw walaa hum yunsharuun.

Paring kani'mataning Allah marang Bani Israil

49. Lan nalikane Ingsun paring pitulung marang sira saka Fir'aun sawadya-balane, kang wus namakake ing sira siksa panganiyaya kang abot banget, dheweke padha nyembeleh anak-anakira lanang lan padha nguripi kang wadon, kang mangkono mau balak-paneteran kang gedhe saka Pangeran sesembahanira.

٤٩. وَاِذْ نَجَّيْنٰكُمْ مِّنْ اٰلِ فِرْعَوْنَ يَسُوْمُوْنَكُمْ سُوْٓءَ الْعَذَابِ يُذَبِّحُوْنَ اَبْنَآءَكُمْ وَيَسْتَحْيُوْنَ نِسَآءَكُمْ وَفِيْ ذٰلِكُمْ بَلَآءٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ عَظِيْمٌ ۝

Wa idz najjainaakum min aali fir'auna yasuumuunakum suu-al 'adzaabi yudzabbihuuna abnaa-akum wa yastahyuuna nisaa-akum, wa fii dzaalikum balaa-um mir rabbikum 'azhiim.

50. Lan elinga, ing nalika Ingsun miyak segara kang banjur Ingsun nylametake ing sira kabeh, lan Ingsun ngelemake anthek-antheke Fir'aun, ing nalika iku sira kabeh padha ndeleng. 27)

٥٠. وَاِذْ فَرَقْنَا بِكُمُ الْبَحْرَ فَاَنْجَيْنٰكُمْ وَاَغْرَقْنَآ اٰلَ فِرْعَوْنَ وَاَنْتُمْ تَنْظُرُوْنَ ۝

Wa idz faraqnaa bikumul bahra fa anjainaakum wa aghraqnaa aala fir'auna wa antum tanzhuruun.

26). Allah paring kamulyan dhumateng tiyang Bani Israil dhuk nalika zaman Nabi Musa a.s.

27). Kedadosan strategis ingkang damel wilujengipun tiyang Bani Israil punika, dhuk nalika sugengipun Nabi Musa a.s. mimpin Ummat Bani Israil nyabrang seganten abrit, lumantar mu'jizat tekenipun Nabi Musa a.s. ingkang kagebugaken ing seganten, dumadakan saking kersanipun Allah mak biyak dados margi by pass dumugi Palestina sarana wilujeng. Dene Fir'aun sawadiyabalanipun lajeng nututi, nanging dumadakan malih dados seganten, sarta sami keblebeg sadaya. Sawatawis katerangan nelakaken bilih jisimipun Fir'aun kabegta ing alun saged minggir, dumugi sapunika karukti ing Museum, awujud Mummi wonten ing Pyramide - Mesir.

51. Lan nalika Ingsun maringi janji marang Musa patangpuluh wengi, sawuse Musa budhal, sira tumuli padha mangeran marang pedhet, [28] kang mangkono mau sira padha nganiaya.

٥١ـ وَإِذْ وٰعَدْنَا مُوسَىٰ أَرْبَعِينَ لَيْلَةً ثُمَّ اتَّخَذْتُمُ الْعِجْلَ مِنْ بَعْدِهِ وَأَنْتُمْ ظٰلِمُونَ ۝

Wa idz waa'adnaa muusaa arba'iina lailatan tsummattakhadztumul 'ijla mim ba'dihii wa antum zhaalimuun.

52. Sawuse iku Ingsun banjur paring Pangapura marang sira kabeh, supaya sira padha syukur

٥٢ـ ثُمَّ عَفَوْنَا عَنْكُمْ مِنْ بَعْدِ ذٰلِكَ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ۝

Tsumma 'afaunaa 'ankum mim ba'di dzaalika la'allakum tasykuruun.

53. Lan nalika Ingsun maringi Al Kitab Taurat marang Musa, lan kang misah antarane bener lan salah, supaya sira padha oleh Pituduh.

٥٣ـ وَإِذْ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتٰبَ وَالْفُرْقَانَ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ۝

Wa idz aatainaa muusal kitaaba wal furqaana la'allakum tahtaduun.

54. Lan nalikane Musa dhawuh marang kaume kabeh: ,,He kaumku, sanyata sira wus padha nganiaya ing awakira dhewe jalaran anggonira nyembah pedhet, mula enggal padha tobata marang kang nitahake sira, sira kabeh padha matenana awakira. [29] Kang kaya mangkono iku luwih becik tumrap sira mungguhing Pangeranira. Panjenengane bakal nampa tobatira kabeh, sanyata Panjenengane iku Maha Nampa ing tobat tur Maha Asih."

٥٤ـ وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِ يٰقَوْمِ إِنَّكُمْ ظَلَمْتُمْ أَنْفُسَكُمْ بِاتِّخَاذِكُمُ الْعِجْلَ فَتُوبُوا إِلَىٰ بَارِئِكُمْ فَاقْتُلُوا أَنْفُسَكُمْ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَكُمْ عِنْدَ بَارِئِكُمْ فَتَابَ عَلَيْكُمْ إِنَّهُ هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ۝

Wa idz qaala muusaa liqaumihi yaa qaumi innakum zhalamtum anfusakum bittikhaadzikumul 'ijla fa tuubuu ilaa baari-ikum faqtuluu anfusakum, dzaalikum khairul lakum 'inda baari-ikum, fa taaba 'alaikum, innahuu huwat tawwaaburrahiim.

55. Lan nalika sira padha matur marang Musa: ,,Dhuh Nabi Musa, kita sami boten badhe iman dhumateng panjenengan kajawi manawi kita sami saged sumerap piyambak dhumateng bleger wujudipun Allah kalayan cetha wela-wela". Tumuli sira padha disamber bledheg, sira kabeh uga padha ndeleng.

٥٥ـ وَإِذْ قُلْتُمْ يٰمُوسَىٰ لَنْ نُؤْمِنَ لَكَ حَتّٰى نَرَى اللّٰهَ جَهْرَةً فَأَخَذَتْكُمُ الصّٰعِقَةُ وَأَنْتُمْ تَنْظُرُونَ ۝

Wa idz qultum yaa muusaa lan nu'mina laka hattaa narallaaha jahratan fa akhadzatkumush shaa'iqatu wa antum tanzhuruun.

56. Tumuli Ingsun nguripake ing sira sawuse matinira, kang supaya sira padha muji syukur.

٥٦ـ ثُمَّ بَعَثْنٰكُمْ مِنْ بَعْدِ مَوْتِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ۝

Tsumma ba'atsnaakum mim ba'di mautikum la'allakum tasykuruun.

57. Lan Ingsun mayungi sira kabeh kalawan mendhung, lan Ingsun nurunake ing

٥٧ـ وَظَلَّلْنَا عَلَيْكُمُ الْغَمَامَ وَأَنْزَلْنَا عَلَيْكُمُ الْمَنَّ وَ

28). Pedhet sesembahan wau kadamel saking emas gligen.

29). Mejahi awakipun piyambak tegesipun, tetiyang ingkang boten nyembah pedhet sami ngukum pejah dhateng ingkang nyembah pedhet; wonten ingkang nerangaken, tiyang ingkang sami nyembah pedhet bingung piyambak, sami pejah-pinejahan piyambak.

sira paring madu sarta manuk salwa (gemak). Sira padha mangana sabecik-beciking rezeki peparing Ingsun, lan wong-wong mau ora padha nganiaya marang Ingsun, ananging dheweke padha nganiaya marang awake dhewe.

السَّلْوٰى كُلُوْا مِنْ طَيِّبٰتِ مَا رَزَقْنٰكُمْ وَمَا ظَلَمُوْنَا وَ
لٰكِنْ كَانُوْٓا اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ۝

Wa zhallalnaa 'alaikumul ghamaama wa anzalnaa 'alaikumul manna was salwaa, kuluu min thayyibaati maa razaqnaakum, wamaa zhalamuunaa walaakin kaanuu anfusahum yazhlimuun.

58. Lan nalika Ingsun dhawuh: „Sira padha mlebua ing negara Baitul Muqaddas iki, sarta padha mangana ing wulu-wetune sasenengira, lan padha mlebua liwat lawange sarana tumungkul, lan sira padha ngucapa: „Dhuh Paduka, mugi paring pangapunten ing kawula". Ingsun paring pangapura ing kaluputanira, lan Ingsun bakal nambahi kabecikan tumrap wong kang padha becik."

٥٨ـ وَاِذْ قُلْنَا ادْخُلُوْا هٰذِهِ الْقَرْيَةَ فَكُلُوْا مِنْهَا حَيْثُ شِئْتُمْ
رَغَدًا وَّادْخُلُوا الْبَابَ سُجَّدًا وَّقُوْلُوْا حِطَّةٌ نَّغْفِرْ لَكُمْ
خَطٰيٰكُمْ ۭ وَسَنَزِيْدُ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

Wa idz qulnadkhuluu haadzihil qaryata fa kuluu minhaa haitsu syi'tum raghadaw wadkhulul baaba sujjadaw wa quuluu hiththathun naghfir lakum khathaayaakum, wasanaziidul muhsiniin.

59. Nuli wong kang padha nganiaya mau padha ngowahi dhawuh kalawan kang ora didhawuhake, banjur Ingsun nurunake siksa saka Langit marang wong kang padha nganiaya, sebab kagawa anggone wus padha duraka.

٥٩ـ فَبَدَّلَ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا قَوْلًا غَيْرَ الَّذِيْ قِيْلَ لَهُمْ
فَاَنْزَلْنَا عَلَى الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا رِجْزًا مِّنَ السَّمَاۗءِ بِمَا
كَانُوْا يَفْسُقُوْنَ ۝

Fa baddalal ladziina zhalamuu qaulan ghairal ladzii qiila lahum fa anzalnaa 'alal ladziina zhalamuu rijzam minas samaa-i bimaa kaanuu yafsuquun.

60. Lan ing nalika Musa nyuwunake banyu kanggo kaume, wusana dhawuhingsun: „He Musa, sira anggejlugna tekenira ing watu", nuli muncrat rolas pancuran, [30] kang siji-sijining golongan padha ngerti ing papan pangombenane dhewe-dhewe. DhawuhIngsun : „Sira padha mangana lan padha ngombea rezeki peparinging Allah, lan sira aja padha agawe rusak ana ing Bumi".

٦٠ـ وَاِذِ اسْتَسْقٰى مُوْسٰى لِقَوْمِهٖ فَقُلْنَا اضْرِبْ بِّعَصَاكَ
الْحَجَرَ ۭ فَانْفَجَرَتْ مِنْهُ اثْنَتَا عَشْرَةَ عَيْنًا ۭ قَدْ
عَلِمَ كُلُّ اُنَاسٍ مَّشْرَبَهُمْ ۭ كُلُوْا وَاشْرَبُوْا مِنْ رِّزْقِ
اللّٰهِ وَلَا تَعْثَوْا فِي الْاَرْضِ مُفْسِدِيْنَ ۝

Wa idzistasqaa muusaa li qaumihii faqulnadhrib bi 'ashaakal hajar, fanfajarat minhutsnataa 'asyrata 'ainaa, qad 'alima kullu unaasim masyrabahum, kuluu wasyrabuu mir rizqillaahi walaa ta' tsau fil ardhi mufsidiin.

61. Lan nalika sira padha matur marang Nabi Musa: „Dhuh Nabi Musa, saestu kita sadaya mboten sami kuwawi manawi namung nedha tetedhan warni satunggal, jalaran saking punika mugi Panjenengan nyu-

٦١ـ وَاِذْ قُلْتُمْ يٰمُوْسٰى لَنْ نَّصْبِرَ عَلٰي طَعَامٍ وَّاحِدٍ فَادْعُ
لَنَا رَبَّكَ يُخْرِجْ لَنَا مِمَّا تُنْۢبِتُ الْاَرْضُ مِنْۢ بَقْلِهَا وَ

30). Tiyang Bani Israil punika gadhah trah (nunggal turunan) cacahipun kalih welas, cocok kaliyan kalih welas pancuran.

wunaken dhumateng Pangeran kangge kita sadaya, supados nuwuhaken tetuwuhan Bumi kadosta jejanganan, timun, gandum, kedhele lan brambang". Nabi Musa dhawuh: „Apa sira nyuwun barang kang asor kanggo ngganti barang kang luwih becik?". Dhawuhing Allah: „Sira padha manggona ing Kutha gedhe, ing kono sira mesthi bakal oleh barang kang sira suwun". Lan dheweke banjur padha didadekake asor sarta mlarat, tur padha oleh bebenduning Allah. Kang kaya mangkono iku jalaran dheweke padha tumindak kafir ing ayat-ayating Allah, lan padha mrajaya para Nabi kalawan ora bener. Mangkono iku kagawa dheweke wus padha ngliwati wates.

قِثَّآئِهَا وَفُوْمِهَا وَعَدَسِهَا وَبَصَلِهَا ۖ قَالَ اَتَسْتَبْدِلُوْنَ
الَّذِىْ هُوَ اَدْنٰى بِالَّذِىْ هُوَ خَيْرٌ ۚ اِهْبِطُوْا مِصْرًا فَاِنَّ
لَكُمْ مَّا سَاَلْتُمْ ۗ وَضُرِبَتْ عَلَيْهِمُ الذِّلَّةُ وَالْمَسْكَنَةُ ۗ
وَبَآءُوْ بِغَضَبٍ مِّنَ اللّٰهِ ۗ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ كَانُوْا يَكْفُرُوْنَ
بِاٰيٰتِ اللّٰهِ وَيَقْتُلُوْنَ النَّبِيّٖنَ بِغَيْرِ الْحَقِّ ۗ ذٰلِكَ بِمَا
عَصَوْا وَّكَانُوْا يَعْتَدُوْنَ ۝ ع

Wa idz qultum yaa muusaa lan nashbira 'alaa tha'aamiw waahidin fad'u lanaa rabbaka yukhrij lanaa mimmaa tumbitul ardhu mim baqlihaa wa qitstsaa ihaa wa fuumihaa wa 'adasihaa wa bashalihaa, qaala atastabdiluunal ladzii huwa adnaa bil ladzii huwa khair, ihbithuu mishran fa inna lakum maa sa-altum, wa dhuribat 'alaihimudz dzillatu wal maskanah, wa baa-uu bi ghadhabim minallaah, dzaalika bi annahum kaanuu yakfuruuna bi aayaatillaahi wa yaqtuluunan nabiyyiina bi ghairil haqq, dzaalika bimaa 'ashaw wa kaanuu ya'taduun.

62. Satemene wong kang padha Mu'min, lan wong Yahudi, lan wong Nasrani, lan wong Shabiin [31] sapa bae kang percaya ing Allah lan dina Akhir,[32] sarta padha nindakake kabecikan, wong mau bakal padha nampa ganjaran ana ngarsaning Pangerane, lan dheweke ora padha susah. [33]

٦٢ ـ اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَالَّذِيْنَ هَادُوْا وَالنَّصٰرٰى وَ
الصّٰبِـِٕيْنَ مَنْ اٰمَنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَعَمِلَ
صَالِحًا فَلَهُمْ اَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ
وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ۝

Innal ladziina aamanuu wal ladziina haaduu wan nashaaraa wash shaabi-iina man aamana billaahi wal yaumil aakhiri wa 'amila shaalihan fa lahum ajruhum 'inda rabbihim walaa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

63. Lan nalika Ingsun mundhut perjanjianira, sarta Ingsun angkat gunung Tursina sadhuwurira, dhawuhIngsun: „Sira padha nyekelana kang wus Ingsun dhawuhake ing sira kalawan kukuh-bakuh, lan sira padha ngelingana barang kang kasebut ing kono supaya sira padha rineksa saka tindak ala.

٦٣ ـ وَاِذْ اَخَذْنَا مِيْثَاقَكُمْ وَرَفَعْنَا فَوْقَكُمُ الطُّوْرَ ۗ خُذُوْا
مَآ اٰتَيْنٰكُمْ بِقُوَّةٍ وَّاذْكُرُوْا مَا فِيْهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُوْنَ ۝

Wa idz akhadznaa miitsaaqakum wa rafa'naa fauqakumuth thuur, khudzuu maa aatainaakum bi quwwatiw wadzkuruu maa fiihi la'allakum tattaquun.

---

31). Inggih punika tetiyang ingkang nindakaken syari'atipun para Nabi zaman rumiyin.

32). Tetiyang Mu'min, Yahudi, Nasrani, Shabiin, ingkang pitados ing Allah, sarta iman ing Nabi Muhammad s.a.w., dinten Akhir, amal shaleh sadaya kemawon badhe nampi ganjaran saking ngarsanipun Allah.

33). Amal shaleh ingkang dipun dhawuhaken agami Islam, babagan agami utawi sanesipun.

64. Sawuse kang kaya mangkono mau sira nuli padha mlengos. Saupama ora ana kanugrahan lan rakhmating Allah ing sira, temen sira padha dadi golongane wong kang padha kapitunan.

٦٤ ثُمَّ تَوَلَّيْتُمْ مِّنْ بَعْدِ ذٰلِكَ ۚ فَلَوْلَا فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهٗ لَكُنْتُمْ مِّنَ الْخٰسِرِيْنَ ۝

Tsumma tawallaitum mim ba'di dzaalika fa laulaa fadhlullaahi 'alaikum wa rahmatuhuu lakuntum minal khaasiriin.

65. Lan yekti sira wus padha mangerti marang wong kang padha ngliwati wates saka golonganira dhewe ana ing katamtuwane dina Sabtu.[34] Tumuli Ingsun dhawuh-deduka marang wong-wong mau: ,,Sira kabeh dadia kethek kang ina tur digethingi".[35]

٦٥ وَلَقَدْ عَلِمْتُمُ الَّذِيْنَ اعْتَدَوْا مِنْكُمْ فِي السَّبْتِ فَقُلْنَا لَهُمْ كُوْنُوْا قِرَدَةً خٰسِـِٕيْنَ ۝

Wa laqad 'alimtumul ladziina'tadau minkum fis sabti fa qulnaa lahum kuunuu qiradatan khaasi-iin.

66. Ingsun andadekake kabeh kadadeyan iku dadiya tepa-palupi paukuman tumrap wong kang ana sangarepe lan wong kang sapungkure, sarta bisaa dadi pitutur tumraping wong kang padha taqwa.

٦٦ فَجَعَلْنٰهَا نَكَالًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهَا وَمَا خَلْفَهَا وَمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِيْنَ ۝

Fa ja'alnaahaa nakaalal limaa baina yadaihaa wamaa khalfahaa wa mau'izhatal lil muttaqiin.

67. Lan nalika Musa dhawuh marang kaume: ,,Sanyata Allah wus dhawuh ing sira kabeh supaya sira padha nyembeleh sapi wadon". Wong mau munjuk atur: ,,Punapa Panjenengan damel gegujengan dhumateng kita sadaya?". Nabi Musa dhawuh: ,,Aku nyuwun reksa ing Allah supaya diedohake saka golongane wong kang padha bodho".

٦٧ وَاِذْ قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهٖٓ اِنَّ اللّٰهَ يَاْمُرُكُمْ اَنْ تَذْبَحُوْا بَقَرَةً ۭ قَالُوْٓا اَتَتَّخِذُنَا هُزُوًا ۭ قَالَ اَعُوْذُ بِاللّٰهِ اَنْ اَكُوْنَ مِنَ الْجٰهِلِيْنَ ۝

Wa idz qaala muusaa li qaumihii innallaaha ya'murukum an tadzbahuu baqarah, qaaluu atattakhidzunaa huzuwaa, qaala a'uudzu billaahi an akuuna minal jaahiliin.

68. Wong mau padha munjuk aturmaneh: ,,Dhuh Nabi Musa, mugi kersaha nyuwunaken ing kita dhumateng Pangeran Panjenengan, supados Allah paring katerangan kangge kita, lembu ingkang kados pundi ingkang kedah dipun sembeleh?". Nabi Musa dhawuh: ,,Dhawuhing Allah, sapi iku aja kang wus tuwa lan aja kang enom, ananging kang ana ing antarane kahanan loro mau, mara enggal padha tindakna barang kang wus kadhawuhake ing sira".

٦٨ قَالُوا ادْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّنْ لَّنَا مَا هِيَ ۭ قَالَ اِنَّهٗ يَقُوْلُ اِنَّهَا بَقَرَةٌ لَّا فَارِضٌ وَّلَا بِكْرٌ ۭ عَوَانٌۢ بَيْنَ ذٰلِكَ ۭ فَافْعَلُوْا مَا تُؤْمَرُوْنَ ۝

Qaalud'u lanaa rabbaka yubayyil lanaa maa hiya, qaala innahuu yaquulu innahaa baqaratul laa faaridhuw walaa bikr, 'awaanum baina dzaalik, faf'aluu maa tu'maruun.

69. Wong mau padha matur maneh: ,,Mugi Panjenengan nyuwunaken kangge kita dhumateng Pangeran Panjenengan, supados paring katerangan dhateng kita, lembu wau

٦٩ قَالُوا ادْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّنْ لَّنَا مَا لَوْنُهَا ۭ قَالَ اِنَّهٗ يَقُوْلُ اِنَّهَا بَقَرَةٌ صَفْرَاۗءُ ۙ فَاقِعٌ لَّوْنُهَا تَسُرُّ النّٰظِرِيْنَ ۝

34). Dinten Sabtu menggahing agami Yahudi khusus dinten pangibadah.

35). Tegesipun sifatipun malih kados kethek, saweneh Jumhur ahli Tafsir nerangaken malih dados kethek saestu, tigang dinten lajeng sami pejah.

ulesipun kadospundi?". Nabi Musa dhawuh: „Dhawuhing Allah, sapi iku ulese kuning mulus, nengsemake tumraping wong kang ndeleng".

Qaalud'u lanaa rabbaka yubayyil lanaa maa launuhaa, qaala innahuu yaquulu innahaa baqaratun shafraa-u faaqi'ul launuhaa tasurrun naazhiriin.

٧٠ـ قَالُوا ادْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّنْ لَنَا مَا هِيَ ۚ إِنَّ الْبَقَرَ تَشَابَهَ عَلَيْنَا ۖ وَإِنَّا إِنْ شَاءَ اللَّهُ لَمُهْتَدُونَ ۝

70. Wong mau isih padha matur maneh: „Mugi Panjenengan nyuwunaken kangge kita dhumateng Pangeran panjenengan, supados paring katerangan dhateng kita, lembu punika estunipun ingkang kadospundi? Yektosipun lembu punika jumbuh sarupi tumrap kita, lan saestu manawi kakarsakaken dening Allah kita sami badhe pikantuk pitedah".

Qaalud'u lanaa rabbaka yubayyil lanaa maa hiya innal baqara tasyaabaha 'alainaa, wa innaa in syaa-allaahu lamuhtaduun.

٧١ـ قَالَ إِنَّهُ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ لَا ذَلُولٌ تُثِيرُ الْأَرْضَ وَلَا تَسْقِي الْحَرْثَ ۖ مُسَلَّمَةٌ لَا شِيَةَ فِيهَا ۚ قَالُوا الْآنَ جِئْتَ بِالْحَقِّ ۚ فَذَبَحُوهَا وَمَا كَادُوا يَفْعَلُونَ ۝

71. Nabi Musa dhawuh: „Satemene Allah dhawuh yenta sapi mau kang durung dialap gawe kanggo ngluku utawa kanggo nyirami tetanduran, tur kang waras ora ana cacade lan ora ana belange". Wong mau padha matur: „Sapunika panjenengan sampun paring katerangan ingkang cetha-nyata". Wong mau banjur padha nyembeleh sapine, lan mehmeh bae dheweke ora padha nindakake.

Qaala innahuu yaquulu innahaa baqaratul laa dzaluulun tutsiirul ardha walaa tasqil hartsa musallamatul laasyiyata fiihaa, qaalul aana ji'ta bil haqq, fa dzabahuuhaa wamaa kaaduu yaf'aluun.

٧٢ـ وَإِذْ قَتَلْتُمْ نَفْسًا فَادَّارَأْتُمْ فِيهَا ۖ وَاللَّهُ مُخْرِجٌ مَا كُنْتُمْ تَكْتُمُونَ ۝

72. Lan nalika sira padha mateni sawijining wong nuli sira padha selak-sinelakan anane rajapati mau; Allah piyambak kang medharake barang kang sira padha umpetake.

Wa idz qataltum nafsan faddaara'tum fiihaa, wallaahu mukhrijum maa kuntum taktumuun.

٧٣ـ فَقُلْنَا اضْرِبُوهُ بِبَعْضِهَا ۚ كَذَٰلِكَ يُحْيِي اللَّهُ الْمَوْتَىٰ وَيُرِيكُمْ آيَاتِهِ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ۝

73. Tumuli Ingsun dhawuh: „Perangane sapi iku sira sabetna marang wong kang mati. 36) Lan kaya mangkono iku Allah nguripake wong kang wus padha mati, lan Panjenengane paring weruh marang sira ing ayat-ayate, supaya sira padha mangerti.

Fa qulnadhribuuhu bi ba'dhihaa, kadzaalika yuhyillaahul mautaa wa yuriikum aayaatihii la'allakum ta'qiluun.

٧٤ـ ثُمَّ قَسَتْ قُلُوبُكُمْ مِنْ بَعْدِ ذَٰلِكَ فَهِيَ كَالْحِجَارَةِ أَوْ أَشَدُّ قَسْوَةً ۚ وَإِنَّ مِنَ الْحِجَارَةِ لَمَا يَتَفَجَّرُ مِنْهُ الْأَنْهَارُ ۚ وَإِنَّ مِنْهَا لَمَا يَشَّقَّقُ فَيَخْرُجُ مِنْهُ الْمَاءُ ۚ وَإِنَّ مِنْهَا لَمَا يَهْبِطُ مِنْ خَشْيَةِ اللَّهِ ۗ وَمَا اللَّهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ۝

74. Sawuse kang mangkono, nuli atinira padha atos, banjur ati mau kaya dene watu utawa malah luwih atos. Awit sanyata sawenehing watu iku ana kang ngetuk mili kali-kaline, lan saweneh ana kang mblegag nuli metu banyune, lan saweneh maneh ana kang gemlundhung sabab dening wedi ing Allah, lan Allah ora supe marang barang kang sira tindakake.

36). Kasus rajapejah ing lingkungan Bani Israil, akhiripun nyuwun pangadilan Nabi Musa a.a., lajeng kadhawuhan mragat lembu estri, buntutipun supados kagebugna jenazah, sareng gesang lajeng saged nerangaken tiyang ingkang mejahi, tumunten pejah malih.

Tsumma qasat quluubuhum mim ba'di dzaalika fahiya kal hijaarati au asyaddu qaswah, wa inna minal hijaarati lamaa yatafajjaru minhul anhaar, wa inna minhaa lamaa yasysyaqqaqu fa yakhruju minhul maa', wa inna minhaa lamaa yahbithu min khasy-yatillaah, wa mallaahu bi ghaafilin 'ammaa ya'maluun.

75. Apa sira isih duwe pangarep-arep marang wong-wong mau supaya padha iman kaya sira? Lan satemene wus ana sagolongan saka wong-wong mau [37] padha krungu pangandikaning Allah, nuli wong iku mau ngowahi sawuse dheweke padha dunung, ing mangka wong mau padha mangerti.

٧٥- أَفَتَطْمَعُونَ أَنْ يُؤْمِنُوا لَكُمْ وَقَدْ كَانَ فَرِيقٌ مِنْهُمْ يَسْمَعُونَ كَلَامَ اللَّهِ ثُمَّ يُحَرِّفُونَهُ مِنْ بَعْدِ مَا عَقَلُوهُ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ۝

A fa tathma'uuna ay yu'minuu lakum wa qad kaana fariiqum minhum yasma'uuna kalaamallaahi tsumma yuharrifuunahuu mim ba'di maa 'aqaluuhu wahum ya'lamuun.

76. Lan ing nalika wong-wong mau padha ketemu karo wong-wong Mu'min padha celathu: ,,Kita wus padha iman''. [38] Lan nalika ketemu sawenehing wong marang liyane padha ngucap: ,,Apa sira padha nyaritakake marang wong Mu'min anggone Allah wus mbuka ing sira kabeh kang supaya dheweke gawe alasan kanggo ambantah ing sira ana ing ngarsaning Pangeranira? Apa sira ora padha anggagas mikir-mikir?''.

٧٦- وَإِذَا لَقُوا الَّذِينَ آمَنُوا قَالُوا آمَنَّا وَإِذَا خَلَا بَعْضُهُمْ إِلَى بَعْضٍ قَالُوا أَتُحَدِّثُونَهُمْ بِمَا فَتَحَ اللَّهُ عَلَيْكُمْ لِيُحَاجُّوكُمْ بِهِ عِنْدَ رَبِّكُمْ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

Wa idzaa laqul ladziina aamanuu qaaluu aamannaa, wa idzaa khalaa ba'dhuhum ilaa ba'dhin qaaluu atuhadditsuunahum bimaa fatahallaahu 'alaikum li yuhaajjuukum bihii 'inda rabbikum, afalaa ta'qiluun.

77. Apa dheweke ora padha mangerti yenta Allah iku ngawuningani barang kang padha disidhemake lan barang kang padha dilahirake?

٧٧- أَوَلَا يَعْلَمُونَ أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعْلِنُونَ ۝

Awalaa ya'lamuuna annallaaha ya'lamu maa yusirruuna wamaa yu'linuun.

78. Sawenehing wong mau ana kang bodho-bodho ora padha mangerti Kitabing Allah, [39] saliyane mung bisa maca thok, lan dheweke mau sajatine mung padha ngira-ira wae.

٧٨- وَمِنْهُمْ أُمِّيُّونَ لَا يَعْلَمُونَ الْكِتَابَ إِلَّا أَمَانِيَّ وَإِنْ هُمْ إِلَّا يَظُنُّونَ ۝

Wa minhum ummiyyuuna laa ya'lamuunal kitaaba illaa amaaniyya wa in hum illaa yazhunnuun.

37). Inggih para tiyang sepuhipun ingkang cecepengan Kitab Taurat, lajeng Taurat wau direka-reka dipun ewahi, antawisipun katerangan sifat-sifat badhe lahir-kautusipun Nabi Muhammad s.a.w.

38). Sagolongan Bani Israil ingkang ngaken iman dhumateng Nabi Muhammad s.a.w. anerangaken bilih ing Taurat nyebataken kautusipun Nabi Muhammad s.a.w., sagolongan sanesipun ngaruh-aruhi: ,,Kenging punapa nyariyosaken bab wau dhumateng tetiyang Islam sahingga hujjahipun tiyang Islam tambah kiyat''.

39). Seserepanipun Bani Israil punika namung saking dedongenganipun para Pandita-pandita Yahudi kemawon, sabab kathah ingkang buta huruf, boten ngertos Taurat.

79. Sanyata siksa Neraka iku tumraping wong kang padha nulis kitab nganggo tangane banjur celathu: ,,Kitab iki saka ngarsaning Allah", saperlu padha dienggo tuku pengaji kang sethithik. Mula siksa Neraka mau tetep marang dheweke sabab anggone tangane wus nulis kitab mau, lan siksa Neraka tetep marang dheweke sabab anane dosa kang padha ditindakake.

٧٩- فَوَيْلٌ لِّلَّذِيْنَ يَكْتُبُوْنَ الْكِتٰبَ بِاَيْدِيْهِمْ ثُمَّ يَقُوْلُوْنَ هٰذَا مِنْ عِنْدِ اللّٰهِ لِيَشْتَرُوْا بِهٖ ثَمَنًا قَلِيْلًا ۗ فَوَيْلٌ لَّهُمْ مِّمَّا كَتَبَتْ اَيْدِيْهِمْ وَوَيْلٌ لَّهُمْ مِّمَّا يَكْسِبُوْنَ ۝

Fa wailul lil ladziina yaktubuunal kitaaba bi aidiihim tsumma yaquuluuna haadzaa min 'indillaahi li yasytaruu bihii tsamanan qaliilaa, fa wailul lahum mimmaa katabat aidiihim wa wailul lahum mimmaa yaksibuun.

80. Lan dheweke padha ngucap: ,,Neraka ora bakal namani ing aku, kajaba mung sawatara dina kang kena dietung". Muhammad sira dhawuha: ,,Apa sira wus padha ngalap janji ana ngarsaning Allah kang banjur Allah ora bakal nulayani janjine? Apa sira pancen mung padha ngandhakake perkara kang ora padha sira ngerteni katujokake marang Allah?

٨٠- وَقَالُوْا لَنْ تَمَسَّنَا النَّارُ اِلَّآ اَيَّامًا مَّعْدُوْدَةً ۗ قُلْ اَتَّخَذْتُمْ عِنْدَ اللّٰهِ عَهْدًا فَلَنْ يُّخْلِفَ اللّٰهُ عَهْدَهٗٓ اَمْ تَقُوْلُوْنَ عَلَى اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ۝

Wa qaaluu lan tamassanan naaru illaa ayyaamam ma'duudah, qul attakhadztum 'indallaahi 'ahdan falay yukhlifallaahu 'ahdah ... am taquuluuna 'alallaahi maa laa ta'lamuun.

81. O, bakal namani ing sira kabeh jegjegan. Awit sapa bae kang tumindake ala sarta alane nglimputi dheweke, sanyata dheweke mau padha dadi kancane Neraka, tur ana ing kono padha langgeng.

٨١- بَلٰى مَنْ كَسَبَ سَيِّئَةً وَّاَحَاطَتْ بِهٖ خَطِيْٓـَٔتُهٗ فَاُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ النَّارِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Balaa man kasaba sayyi-ataw wa ahaathat bihii khathii-atuhuu fa ulaa-ika ashhaabun naar, hum fiihaa khaaliduun.

82. Wondene wong kang padha gelem iman lan padha nindakake kabecikan, mesthi wong mau padha dadi kancane Suwarga, tur ana ing kono dheweke padha langgeng.

٨٢- وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ اُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ الْجَنَّةِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Wal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati ulaa-ika ashhaabul jannah, hum fiihaa khaaliduun.

83. Lan padha elinga nalikane Ingsun mundhut perjanjian kang dikukuhake marang wong Bani Israil, yaiku: ,,Sira aja padha manembah kajaba mung marang Allah, lan sira padha tumindak becik marang wong tuwanira loro, lan marang sanak sadulur, marang bocah yatim lan wong miskin. Lan sira padha ngucapa kang becik-becik marang para manungsa. Sira padha nindakna Sholat lan padha bayara Zakat. Nuli sira padha mbalik ora netepi janji, kajaba mung sabagian sathithik saka sira kang netepi janji, sarta sira padha mlengos.

٨٣- وَاِذْ اَخَذْنَا مِيْثَاقَ بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ لَا تَعْبُدُوْنَ اِلَّا اللّٰهَ ۗ وَبِالْوَالِدَيْنِ اِحْسَانًا وَّذِى الْقُرْبٰى وَالْيَتٰمٰى وَالْمَسٰكِيْنِ وَقُوْلُوْا لِلنَّاسِ حُسْنًا وَّاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتُوا الزَّكٰوةَ ۗ ثُمَّ تَوَلَّيْتُمْ اِلَّا قَلِيْلًا مِّنْكُمْ وَاَنْتُمْ مُّعْرِضُوْنَ ۝

Wa idz akhadznaa miitsaaqa banii israaiila laa ta'buduuna illallaaha wa bil waalidaini ihsaanaw wa dzil qurbaa wal yataamaa wal masaakiini wa quuluu linnaasi husnaw wa aqiimush shalaata wa

aatuz zakaah, tsumma tawallaitum illaa qaliilam minkum wa antum mu'ridhuun.

84. Lan padha elinga nalikane Ingsun mundhut perjanjian kang dikukuhake marang wong Bani Israil, yaiku: „Sira aja padha ngilekake getihira, lan aja padha nundhung awakira saka negaranira". Sira banjur padha sanggem lan nyekseni.

٨٤- وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَاقَكُمْ لَا تَسْفِكُونَ دِمَاءَكُمْ وَلَا تُخْرِجُونَ أَنْفُسَكُمْ مِنْ دِيَارِكُمْ ثُمَّ أَقْرَرْتُمْ وَأَنْتُمْ تَشْهَدُونَ ۝

Wa idz akhadznaa miitsaaqakum laa tasfikuuna dimaa-akum walaa tukhrijuuna anfusakum min diyaarikum tsumma aqrartum wa antum tasyhaduun.

85. Nuli sira wong Bani Israil padha pepaten ing kalanganira dhewe, lan sira padha nundhung sagolongan saka kancanira saka Negarane.[40] Sira padha dene golek bantuan konca perlu nandukake laku dosa lan memungsuhan katujokake marang dheweke mau. Ewadene yen ana boyongan teka marang sira, banjur sira padha nebusi, ing mangka sira padha dilarang nundhung wong mau. Yen mangkono tetela sira iku padha iman marang saperangan Kitabing Allah, lan padha kafir marang saperangan liyane? Ing mangka ora ana piwalese wong kang nindakake mangkono iku saka sira kabeh kajaba mung padha digawe asor ing panguripan Donya, sarta besuk dina Kiyamat bakal padha digiring marang siksa Neraka kang abot banget. Allah ora pisan-pisan supe ing samubarang kang padha sira tindakake.

٨٥- ثُمَّ أَنْتُمْ هَؤُلَاءِ تَقْتُلُونَ أَنْفُسَكُمْ وَتُخْرِجُونَ فَرِيقًا مِنْكُمْ مِنْ دِيَارِهِمْ تَظَاهَرُونَ عَلَيْهِمْ بِالْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ وَإِنْ يَأْتُوكُمْ أُسَارَى تُفَادُوهُمْ وَهُوَ مُحَرَّمٌ عَلَيْكُمْ إِخْرَاجُهُمْ أَفَتُؤْمِنُونَ بِبَعْضِ الْكِتَابِ وَتَكْفُرُونَ بِبَعْضٍ فَمَا جَزَاءُ مَنْ يَفْعَلُ ذَلِكَ مِنْكُمْ إِلَّا خِزْيٌ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَيَوْمَ الْقِيَامَةِ يُرَدُّونَ إِلَى أَشَدِّ الْعَذَابِ وَمَا اللَّهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ۝

Tsumma antum haa-ulaa-i taqtuluuna anfusakum wa tukhrijuuna fariiqam minkum min diyaarihim tazhaaharuuna 'alaihim bil itsmi wal 'udwaan, wa iy ya'tuukum usaaraa tufaaduuhum wa huwa mu harramun 'alaikum ikhraajuhum, a fa tu' minuuna bi ba'dhil kitaabi wa takfuruuna bi ba'dhin famaa jazaa-u may yaf'alu dzaalika minkum illaa khizyun fil hayaatid dunyaa, wa yaumal qiyaamati yuraduuna ilaa asyaddil 'adzaab, wa mallaahu bi ghaafilin 'ammaa ta'maluun.

86. Wong kang mangkono iku padha nuku panguripan Donya kalawan Akherat. Ing mangka siksane wong mau ora bakal padha dienthengake, lan dheweke ora bakal diparingi pitulung.

٨٦- أُولَئِكَ الَّذِينَ اشْتَرَوُا الْحَيَاةَ الدُّنْيَا بِالْآخِرَةِ فَلَا يُخَفَّفُ عَنْهُمُ الْعَذَابُ وَلَا هُمْ يُنْصَرُونَ ۝

Ulaa-ikal ladziinasytarawul hayaatad dun yaa bil aakhirati falaa yukhaffafu 'anhumul 'adzaabu walaa hum yunsharuun.

40) Ing ayat punika wonten background situasi makaten: tiyang Aus memengsahan kaliyan tiyang Khazraj. Yahudi Madinah wiwitan Hijrah saking Bani Quraizhah sekuthon kaliyan tiyang Aus, dene Yahudi Bani Nadhir sekuthon kaliyan tiyang Khazraj. Sebab biyantu sekuthonipun piyambak-piyambak sami-sami Yahudi peperangan lan tawan-tinawan, akhiripun sami dene nebus tawanan.

87. Lan temen Ingsun wus paring Kitab Taurat marang Musa, lan sapungkure Musa Ingsun tutburoni pirang-pirang Utusan, lan Ingsun maringi ayat-ayat katerangan marang 'Isa putrane Maryam, lan Ingsun ngukuhake kalawan Roh Suci Jibril. [41] Ewadene saben saben sira padha karawuhan Utusan kang ngampil barang kang ora disarujuki dening nafsunira teka sira banjur padha gumedhe? Nuli sira maido marang sawenehe para Rasul mau lan sawenehe maneh ana kang sira prajaya.

٨٧- وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوسَى الْكِتٰبَ وَقَفَّيْنَا مِنْ بَعْدِهٖ بِالرُّسُلِ
وَاٰتَيْنَا عِيسَى ابْنَ مَرْيَمَ الْبَيِّنٰتِ وَاَيَّدْنٰهُ بِرُوحِ الْقُدُسِ
اَفَكُلَّمَا جَآءَكُمْ رَسُولٌ بِمَا لَا تَهْوٰٓى اَنْفُسُكُمُ اسْتَكْبَرْتُمْ
فَفَرِيقًا كَذَّبْتُمْ وَفَرِيقًا تَقْتُلُونَ ۝

Wa laqad aatainaa muusal kitaaba wa qaffainaa mim ba'dihii bir rusuli wa aatainaa 'iisabna maryamal bayyinaati wa ayyadnaahu bi ruuhil qudus, a fa kullamaa jaa-akum rasuulum bimaa laa tahwaa anfusukumustakbartum, fa fariiqan kadzdzabtum wa fariiqan taqtuluun.

88. Wong mau padha munjuk atur: „Manah kula punika katutupan". Allah paring la'nat marang wong mau sabab anggone wus padha kafir, sabab sethithik banget anggone dheweke padha iman.

٨٨- وَقَالُوا قُلُوبُنَا غُلْفٌ ۢ بَلْ لَّعَنَهُمُ اللّٰهُ بِكُفْرِهِمْ فَقَلِيلًا
مَّا يُؤْمِنُونَ ۝

Wa qaaluu quluubunaa ghulf, bal la'anahumullaahu bi kufrihim fa qaliilan maa yu'minuun.

89. Lan bareng wus katekanan Kitab Quraan saka ngarsaning Allah kang ambenerake Kitab [42] gegebengane, lan sadurunge iku wong mau padha mratelakake wewecan kamenangan saka ngarsaning Allah ing ngatase wong kafir. Ananging bareng katekanan barang kang padha dimangerteni iku wong mau malah ngafiri, la'nating Allah tetep kapatrapake wong kang padha kafir.

٨٩- وَلَمَّا جَآءَهُمْ كِتٰبٌ مِّنْ عِنْدِ اللّٰهِ مُصَدِّقٌ لِّمَا مَعَهُمْ
وَكَانُوا مِنْ قَبْلُ يَسْتَفْتِحُونَ عَلَى الَّذِينَ كَفَرُوا ۚ
فَلَمَّا جَآءَهُمْ مَّا عَرَفُوا كَفَرُوا بِهٖ ۚ فَلَعْنَةُ اللّٰهِ عَلَى
الْكٰفِرِينَ ۝

Wa lammaa jaa-ahum kitaabum min 'indillaahi mushaddiqul limaa ma'ahum wa kaanuu min qablu yastaftihuuna 'alal ladziina kafaruu, fa lammaa jaa-ahum maa 'arafuu kafaruu bihii fa la'natullaahi 'alal kaafiriin.

90. Ala temen wong kang padha ngedol awake dhewe sarana tindak kafir marang barang kang wus diturunake dening Allah, sabab dening drengki marang kawulaning Allah kang kinersakake diparingi kanugrahan wahyu. Jalaran saka iku wong-wong mau padha kena bebendu [43] saka ngarsaning Allah tikel-matikel. Lan wong kafir iku bakal kapatrapan siksa kang agawe ina.

٩٠- بِئْسَمَا اشْتَرَوْا بِهٖٓ اَنْفُسَهُمْ اَنْ يَّكْفُرُوا بِمَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ
بَغْيًا اَنْ يُّنَزِّلَ اللّٰهُ مِنْ فَضْلِهٖ عَلٰى مَنْ يَّشَآءُ مِنْ
عِبَادِهٖ ۚ فَبَآءُو بِغَضَبٍ عَلٰى غَضَبٍ ۭ وَلِلْكٰفِرِينَ عَذَابٌ
مُّهِينٌ ۝

41) Saweneh saking mu'jizatipun Nabi 'Isa a.s.: lahir tanpa Bapa, inggih punika lumantar sebulanipun Ruhul Qudus dening Jibril dhumateng Maryam.

42) Inggih punika sifat-sifat kerasulanipun Nabi Muhammad s.a.w. ing Taurat.

43) Sapisan, bebendu sabab boten iman dhumateng kautusipun Nabi Muhammad s.a.w.; kaping kalih, sabab ngewahi isi Taurat, mrajaya Nabi lan ngafiraken.

Bi'syamasytarau bihii anfusahum ayyakfuruu bimaa anzalallaahu baghyan ayyunazzilallaahu min fadhlihii 'alaa may yasyaa-u min 'ibaadih, fa baa-uu bi ghadhabin 'alaa ghadhab, wa lil kaafiriina 'adzaabum muhiin.

91. Lan nalikane wong mau padha didhawuhi: ,,Sira padha imana marang Quran kang wus diturunake dening Allah". Wong mau padha munjuk atur: ,,Kita sadaya punika ugi sampun iman dhumateng Kitab ingkang sampun katurunaken dhumateng kita". Ananging sajatine wong mau padha maido kafir Kitab liyane sanajanta Kitab mau nyata mbenerake Kitab cecekelane dhewe. Dhawuha sira Muhammad: ,,Hiya gene teka sira padha mrajaya para andika Nabining Allah kang biyen-biyen, iku yenta nyata sira padha iman?".

٩١ وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ ءَامِنُوا بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ قَالُوا نُؤْمِنُ بِمَآ
أُنزِلَ عَلَيْنَا وَيَكْفُرُونَ بِمَا وَرَآءَهُۥ وَهُوَ ٱلْحَقُّ
مُصَدِّقًا لِّمَا مَعَهُمْ ۗ قُلْ فَلِمَ تَقْتُلُونَ أَنۢبِيَآءَ ٱللَّهِ
مِن قَبْلُ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Wa idzaa qiila lahum aaminuu bimaa anzalallaahu qaaluu nu'minu bimaa unzila 'alainaa wa yakfuruuna bimaa waraa-ahuu wa huwal haqqu mushaddiqal limaa ma'ahum, qul falima taqtuluuna ambiyaa-allaahi min qablu in kuntum mu'miniin.

92. Yekti wus nekani ing sira kabeh Nabi Musa kalawan ngampil ayat-ayat Allah, banjur sawuse iku sira malah padha manembah ing sapi lan sira padha nganiaya dhewe. 44)

٩٢ وَلَقَدْ جَآءَكُم مُّوسَىٰ بِٱلْبَيِّنَٰتِ ثُمَّ ٱتَّخَذْتُمُ ٱلْعِجْلَ
مِنۢ بَعْدِهِۦ وَأَنتُمْ ظَٰلِمُونَ ۝

Wa laqad jaa-akum muusaa bil bayyinaati tsummat takhadztumul 'ijla mim ba'dihii wa antum zhaalimuun.

93. Lan ing nalika Ingsun ngersakake mundhut perjanjiyan sarta Ingsun ngangkat gunung Tursina ing sadhuwurira, dhawuhIngsun: ,,Sira padha nyanggemana marang barang kang wus Ingsun paringake marang sira kabeh kalawan temen-temen lan sira padha ngestokna". Wong mau padha munjuk atur: ,,Kita sadaya sampun sami midhangetaken, ananging kita sadaya sami ambangkang". Wong mau wus padha kasengsem anggone padha dhemen manembah sapi sabab dening kafire. Dhawuha sira Muhammad: ,,Ala temen imanira kang marentah ing sira supaya manembah sapi yenta nyata sira iku padha iman.

٩٣ وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَٰقَكُمْ وَرَفَعْنَا فَوْقَكُمُ ٱلطُّورَ خُذُوا
مَآ ءَاتَيْنَٰكُم بِقُوَّةٍ وَٱسْمَعُوا ۖ قَالُوا سَمِعْنَا وَعَصَيْنَا ۗ
وَأُشْرِبُوا فِى قُلُوبِهِمُ ٱلْعِجْلَ بِكُفْرِهِمْ ۚ قُلْ بِئْسَمَا
يَأْمُرُكُم بِهِۦٓ إِيمَٰنُكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Wa idz akhadznaa miitsaaqakum wa rafa'naa fauqakumuth thuur, khudzuu maa aatainaakum bi quwwatiw wasma'uu, qaaluu sami'naa wa 'ashainaa wa usyribuu fii quluubihimul 'ijla bi kufrihim, qul bi'samaa ya'murukum bihii iimaanukum in kuntum mu'miniin.

94. Dhawuha sira Muhammad: ,,Yen anane ganjaran Akherat ing ngarsaning Allah iku mung mligi kanggo sira dhewe, ora kanggo wong liya, mara sira padha ngarep-arepa ing pati saiki, yenta nyata sira iku padha temen".

٩٤ قُلْ إِن كَانَتْ لَكُمُ ٱلدَّارُ ٱلْءَاخِرَةُ عِندَ ٱللَّهِ خَالِصَةً مِّن
دُونِ ٱلنَّاسِ فَتَمَنَّوُا ٱلْمَوْتَ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝

Qul in-kaanat lakumud-daarul aakhiratu 'indal-laahi khaalishatam min duuninnaasi fatamannawul mauta in-kuntum shaadiqiin.

44) Sasampunipun Nabi Musa a.s. dipun paringi mu'jizat wonten redi Thursina (Sinai) malah sami musyrik nyembah anak lembu.

95. Lan tangeh lamun wong mau padha ngarep-arep ing pati sajeg jumleg, sabab dene tumindak nyasar kang wus padha dilakoni, lan Allah iku maha Uninga ing tumindake wong kang padha nganiaya.

٩٥- وَلَنْ يَّتَمَنَّوْهُ اَبَدًا بِمَا قَدَّمَتْ اَيْدِيْهِمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ بِالظّٰلِمِيْنَ ۝

Wa lay yatamannauhu abadam bimaa qaddamat aidiihim, wallaahu 'aliimum bizhzhaalimiin.

96. Lan sira Muhammad bakal nyumurupi pribadine wong mau luwih dhemen-dhemene wong marang panguripan Donya ngungkuli kabeh wong, lan ngungkuli wong kang padha Musyrik. Siji-sijine wong mau dhemen yenta umure dawa tumeka sewu tahun. Sanajan umure padha tumeka sewu tahun, dheweke ora bakal padha diedohake saka siksa, lan Allah iku maha Wikan ing samukawis kahanan kang padha sira lakoni.

٩٦- وَلَتَجِدَنَّهُمْ اَحْرَصَ النَّاسِ عَلٰى حَيٰوةٍ ۛ وَمِنَ الَّذِيْنَ اَشْرَكُوْا ۚ يَوَدُّ اَحَدُهُمْ لَوْ يُعَمَّرُ اَلْفَ سَنَةٍ ۚ وَمَا هُوَ بِمُزَحْزِحِهٖ مِنَ الْعَذَابِ اَنْ يُّعَمَّرَ ۗ وَاللّٰهُ بَصِيْرٌۢ بِمَا يَعْمَلُوْنَ ۝

Wa latajidannahum ahrashan naasi 'alaa hayaah, wa minal ladziina asyrakuu yawaddu ahaduhum lau yu'ammaru alfa sanah, wamaa huwa bi muzahzihihii minal 'adzaabi ay yu'ammar, wallaahu bashiirum bimaa ya'maluun.

97. Dhawuha sira Muhammad: „Sapa wonge kang nyatru ing Jibril, satemene Jibril iku wus nurunake Wahyu ing atinuranira kalawan restu izining Allah, kang ambenerake Kitab kang ana ing sangarepe, dadi sesuluh pituduh sarta bebungah tumrap wong kang padha iman".

٩٧- قُلْ مَنْ كَانَ عَدُوًّا لِّجِبْرِيْلَ فَاِنَّهٗ نَزَّلَهٗ عَلٰى قَلْبِكَ بِاِذْنِ اللّٰهِ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ وَهُدًى وَّبُشْرٰى لِلْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Qul man kaana 'aduwwal li jibriila fainnahuu nazzalahuu 'alaa qalbika bi idznillaahi mushaddiqal limaa baina yadaihi wa hudaw wa busyraa lil mu'miniin.

98. „Sapa wonge kang padha nyatru ing Allah lan Malaikate, sarta Utusane, lan Jibril, sarta Mikail, mangka sanyata Allah iku dadi satrune wong kang padha kafir.

٩٨- مَنْ كَانَ عَدُوًّا لِّلّٰهِ وَمَلٰٓئِكَتِهٖ وَرُسُلِهٖ وَجِبْرِيْلَ وَمِيْكٰىلَ فَاِنَّ اللّٰهَ عَدُوٌّ لِّلْكٰفِرِيْنَ ۝

Man kaana 'aduwwal lillaahi wa malaa-ikatihii wa rusulihii wa jibriila wa miikaala fa innallaaha 'aduwwul lil kaafiriin.

99. Lan sanyata Ingsun wus anurunake marang sira Muhammad pirang-pirang ayat tandha yekti kang cetha wela-wela, sarta ora bakal ngafiri ing ayat mau, kajaba wong kang padha duraka.

٩٩- وَلَقَدْ اَنْزَلْنَآ اِلَيْكَ اٰيٰتٍۢ بَيِّنٰتٍ ۚ وَمَا يَكْفُرُ بِهَآ اِلَّا الْفٰسِقُوْنَ ۝

Wa laqad anzalnaa ilaika aayaatim bayyinaat, wamaa yakfuru bihaa illal faasiquun

100. (Apa pantes dheweke ingkar marang ayat-ayating Allah), lan saben-saben wong mau padha nyanggemi sawijining perjanjian, sabagean saka golongan mau ana kang nrajang ngudhari? Malah akeh-akehe wong mau ora padha iman.

١٠٠- اَوَكُلَّمَا عٰهَدُوْا عَهْدًا نَّبَذَهٗ فَرِيْقٌ مِّنْهُمْ ۭ بَلْ اَكْثَرُهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

A wa kullamaa 'aahaduu 'ahdan nabadzahuu fariiqum minhum, bal aktsaruhum laa yu'minuun.

101. Lan bareng wus rawuh Utusan saka ngarsaning Allah kang ambenerake Kitab cecekelane, ing kono ana sabagean saka golongan ahli Kitab kang nyingkur Kitabing Allah ana saburine gegere, wong mau kayakaya ora padha mangerti.

١٠١- وَلَمَّا جَآءَهُمْ رَسُوْلٌ مِّنْ عِنْدِ اللّٰهِ مُصَدِّقٌ لِّمَا
مَعَهُمْ نَبَذَ فَرِيْقٌ مِّنَ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ ۘ كِتٰبَ
اللّٰهِ وَرَآءَ ظُهُوْرِهِمْ كَاَنَّهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Wa lammaa jaa-ahum rasuulum min 'indillaahi mushaddiqal limaa ma'ahum nabadza fariiqum minal ladziina uutul kitaab, kitaaballaahi waraa-a zhuhuurihim ka-annahum laa ya'lamuun.

102. Wong Yahudi andakwa Nabi Sulaiman a.s. Lan padha manut marang ilmu [45] kang diwaca dening syetan-syetan para tetuwane [46] kang kawadakake kasimpen ana dhampar kencana kratone Nabi Sulaiman, ing mangka Nabi Sulaiman ora kafir, nanging hiya syetan-syetan mau kang padha kafir, yaiku padha mulang para manungsa ilmu sihir lan ilmu kang wus diparingake marang Malaikat loro [47] ana ing negara Babil, yaiku Ki Haruta lan Ki Maruta. Lan sakeloron mau ora mulang muruk ing saben wong yen durung kandha; sanyata aku iki sajatine mung dadi coba. Mulane sira aja kafir. Nuli wong-wong padha sinau saka wong sakeloron mau, yaiku ilmu kanggo misahake antarane wong lan bojone, ananging dheweke ora padha bisa gawe kamlaratan marang sawijining wong, yen ora kalawan kaparenging Allah. Lan wong-wong mau padha sinau ilmu kang agawe bubrah cilakane dheweke, lan ora agawe begjane, ing mangka wus padha sumurup dhewe, sapa bae kang marsudi ngelmu mau mesthi besuk ana ing Akherat ora bakal nampa kabegjan jati. Lan saeba alane barang kang padha dianggo ngedol awake saupama dheweke iku padha ngerti.

١٠٢- وَاتَّبَعُوْا مَا تَتْلُوا الشَّيٰطِيْنُ عَلٰى مُلْكِ سُلَيْمٰنَ ۚ وَ
مَا كَفَرَ سُلَيْمٰنُ وَلٰكِنَّ الشَّيٰطِيْنَ كَفَرُوْا يُعَلِّمُوْنَ
النَّاسَ السِّحْرَ ۗ وَمَآ اُنْزِلَ عَلَى الْمَلَكَيْنِ بِبَابِلَ
هَارُوْتَ وَمَارُوْتَ ۗ وَمَا يُعَلِّمٰنِ مِنْ اَحَدٍ حَتّٰى
يَقُوْلَآ اِنَّمَا نَحْنُ فِتْنَةٌ فَلَا تَكْفُرْ ۗ فَيَتَعَلَّمُوْنَ مِنْهُمَا
مَا يُفَرِّقُوْنَ بِهٖ بَيْنَ الْمَرْءِ وَزَوْجِهٖ ۗ وَمَا هُمْ بِضَآرِّيْنَ
بِهٖ مِنْ اَحَدٍ اِلَّا بِاِذْنِ اللّٰهِ ۗ وَيَتَعَلَّمُوْنَ مَا يَضُرُّهُمْ
وَلَا يَنْفَعُهُمْ ۗ وَلَقَدْ عَلِمُوْا لَمَنِ اشْتَرٰىهُ مَا لَهٗ فِى
الْاٰخِرَةِ مِنْ خَلَاقٍ ۗ وَلَبِئْسَ مَا شَرَوْا بِهٖٓ اَنْفُسَهُمْ ۗ
لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ۝

Wattaba'uu maa tatlusy syayaathiinu 'alaa mulki sulaimaan, wamaa kafara sulaimaanu walaakinnasy syayaathiina kafaruu yu'allimuunan naasas sihr, wamaa unzila 'alal malakaini bi baabila haaruuta wa maaruut, wamaa yu'allimaani min ahadin hattaa yaquulaa innamaa nahnu fitnatun falaa takfur, fa yata'allamuuna min humaa maa yufarriquuna bihii bainal mar-i wa zaujih, wamaa hum bidhaarriina bihii min ahadin illaa bi idznillaah, wa yata'allamuuna maa yadhurruhum walaa yanfa'uhum, wa laqad 'alimuu lamanisytaraahu maa lahuu fil aakhirati min khalaaq, wa labi'sa maa syarau bihii anfusahum, lau kaanuu ya'lamuun.

45) Tiyang ahli sihir.

46) Tiyang-tiyang awon.

47) Ahli tafsir anerangaken Malaikat saestu, saweneh malih bilih punika tiyang awon kalih mendha-mendha Malaikat, wonten malih katerangan tiyang ingkang kacandra tiyang saleh kados Malaikat.

103. Lan sanyata saupama dheweke mau padha gelem angestokake lan padha wedi ing Allah, yekti ganjaran kang saka ngarsaning Allah iku luwih becik banget, samono iku yen dheweke padha mangerti.

١٠٣- وَلَوْ اَنَّهُمْ اٰمَنُوْا وَاتَّقَوْا لَمَثُوْبَةٌ مِّنْ عِنْدِ اللّٰهِ خَيْرٌ ۚ لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ۝

Wa lau annahum aamanuu wattaqau lamatsuubatum min 'indillaahi khair, lau kaanuu ya'lamuun.

104. He wong kang padha mu'min, sira aja padha ngucapake tembung: "Ra'ina", ananging padha ngucapna: "Undzurna",[48] lan padha ngrungokna, dene wong kang padha kafir iku bakal padha kapatrapan siksa kang nglarani banget.

١٠٤- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَقُوْلُوْا رَاعِنَا وَقُوْلُوا انْظُرْنَا وَاسْمَعُوْا ۗ وَلِلْكٰفِرِيْنَ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa taquuluu raa'inaa wa quulundzurnaa wasma'uu, wa lil kaafiriina 'adzaabun aliim.

105. Wong-wong kafir ahli Kitab, lan wong-wong musyrik ora padha seneng manawa sira padha diparingi kabecikan saka ngarsaning Allah Pangeranira. Sumurupa Allah iku kang namtokake paring sih rohmate marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan Allah iku kagungan kanugerahan kang agung.

١٠٥- مَا يَوَدُّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ وَلَا الْمُشْرِكِيْنَ اَنْ يُّنَزَّلَ عَلَيْكُمْ مِّنْ خَيْرٍ مِّنْ رَّبِّكُمْ ۗ وَاللّٰهُ يَخْتَصُّ بِرَحْمَتِهٖ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيْمِ ۝

Maa yawaddul ladziina kafaruu min ahlil kitaabi wa lal musyrikiina ay yunazzala 'alaikum min khairim mir rabbikum, wallaahu yakhtashshu bi rahmatihii may yasyaa', wallaahu dzul fadhlil 'azhiim.

106. Sawenehing ayat[49] kang Ingsun owahi utawa Sun sumenekake (lirwakake), minangka gegentine Ingsun paringi kang luwih becik utawa sepapadhane. Apa sira Muhammad durung mangerti yen Allah iku Maha Kuwasa marang sakabehing barang.

١٠٦- مَا نَنْسَخْ مِنْ اٰيَةٍ اَوْ نُنْسِهَا نَاْتِ بِخَيْرٍ مِّنْهَآ اَوْ مِثْلِهَا ۗ اَلَمْ تَعْلَمْ اَنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Maa nansakh min aayatin au nunsihaa na'ti bi khairim minhaa au mitslihaa, alam ta'lam annallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

107. Apa sira durung padha mangerti manawa Allah iku kang kagungan krajan Langit lan Bumi? Lan ora bakal ana kang bisa ngasihi sarta tetulung marang sira kabeh saliyane Allah.

١٠٧- اَلَمْ تَعْلَمْ اَنَّ اللّٰهَ لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَمَا لَكُمْ مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا نَصِيْرٍ ۝

Alam ta'lam annallaaha lahuu mulkus-samaawaati wal ardh, wamaa lakum min duunillaahi miw waliyyiw walaa nashiir.

---

48). "Raa'ina" jarwanipun mugi panjenengan amigatosaken kita sami. Tiyang Yahudi sinis sarta nyepelekaken Nabi Muhammad s.a.w. ngangge tembung "Ru'uunah" ingkang maksudipun "Wah bodho kaya kebo", sabab saking punika Allah dhawuh supados tetembungan "Raa'ina" kagantos "Unzhurna" ingkang tegesipun sami kaliyan "Raa'ina".

49) Ulama tafsir saweneh anerangaken ayat Al Quraan, sanesipun: bilih ingkang dipun maksud mu'jizat.

108. Apa sira arep padha nenuwun marang Utusanira kaya anggone wus disuwuni Nabi Musa dhuk biyen mula? Lan sapa bae kang anglironi iman kalawan kekafiran, temen wong mau atindak sasar susur saka dalan kang jejeg.

١٠٨- اَمْ تُرِيْدُوْنَ اَنْ تَسْـَٔلُوْا رَسُوْلَكُمْ كَمَا سُئِلَ مُوْسٰى مِنْ قَبْلُ ۗ وَمَنْ يَّتَبَدَّلِ الْكُفْرَ بِالْاِيْمَانِ فَقَدْ ضَلَّ سَوَاۤءَ السَّبِيْلِ ۝

Am turiiduuna an tas-aluu rasuulakum kamaa su-ila muusaa min qabl, wamay yatabaddalil kufra bil iimaani faqad dhalla sawaa-as sabiil.

109. Akeh-akehe wong ahli Kitab iku padha seneng yen bisa ambalekake sira kabeh saka sawuse imanira marang kekafiran kagawa saka drengki atine sawuse padha terang kabenerane (Muhammad) tumrap marang wong wong mau, mula sira ngapuraa lan togna bae tumekane Allah maringi keputusan, satemene Allah iku maha Kuwasa ing sakabehing barang. 50)

١٠٩- وَدَّ كَثِيْرٌ مِّنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ لَوْ يَرُدُّوْنَكُمْ مِّنْۢ بَعْدِ اِيْمَانِكُمْ كُفَّارًا ۚ حَسَدًا مِّنْ عِنْدِ اَنْفُسِهِمْ مِّنْۢ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ الْحَقُّ ۚ فَاعْفُوْا وَاصْفَحُوْا حَتّٰى يَاْتِيَ اللّٰهُ بِاَمْرِهٖ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Wadda katsiirum min ahlil kitaabi lau yarudduunakum mim ba'di iimaanikum kuffaaran hasadam min 'indi anfusihim mim ba'di maa tabayyana lahumul haqq, fa'fuu washfahuu hattaa ya'tiyallaahu bi amrih, innallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

110. Lan sira padha nindakna Sholat, lan padha bayara Zakat. Dene kabecikan kang padha sira tindakake kanggo awakira, sanyata ganjarane bakal padha sira tampa ana ing ngarsaning Allah. Sanyata Allah iku Mirsani barang kang padha sira tindakake.

١١٠- وَاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتُوا الزَّكٰوةَ ۗ وَمَا تُقَدِّمُوْا لِاَنْفُسِكُمْ مِّنْ خَيْرٍ تَجِدُوْهُ عِنْدَ اللّٰهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

Wa aqiimush shalaata wa aatuz zakaah, wamaa tuqaddimuu li anfusikum min khairin tajiduuhu 'indallaah, innallaaha bimaa ta'maluuna bashiir.

111. Lan wong kafir ahli Kitab padha calathu: "Ora bakal mlebu Suwarga, saliyane wong Yahudi utawa wong Nasrani". Mangkono panganggepe. Dhawuha sira Muhammad: "Mara padha nekakna katerangan cecekelanira, yen sira nyata padha bener.

١١١- وَقَالُوْا لَنْ يَّدْخُلَ الْجَنَّةَ اِلَّا مَنْ كَانَ هُوْدًا اَوْ نَصٰرٰى ۗ تِلْكَ اَمَانِيُّهُمْ ۗ قُلْ هَاتُوْا بُرْهَانَكُمْ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ۝

Wa qaaluu lay yadkhulal jannata illaa man kaana huudan au nashaaraa, tilka amaaniyyuhum, qul haatuu burhaanakum in kuntum shaadiqiin.

112. Ora mangkono. Mesthi mlebu Suwarga sapa bae kang masrahake awake marang Allah, lan dheweke mau gelem agawe becik, ana ing ngarsaning Allah Pangerane mesthi bakal nampa ganjarane. Lan ora ana rasa kuwatir tumrape wong mau lan wong mau

١١٢- بَلٰى مَنْ اَسْلَمَ وَجْهَهٗ لِلّٰهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ فَلَهٗٓ اَجْرُهٗ عِنْدَ رَبِّهٖ ۚ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ۝

Balaa man aslama wajhahuu lillaahi wa huwa muhsinun fa lahuu ajruhuu 'inda

50). Allah paring dhawuh dipun izini merangi utawa nundhung Yahudi.

ora padha susah.

rabbih, walaa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

113. Wong Yahudi padha celathu: "Wong Nasrani iku dudu apa-apa". Lan uga wong Nasrani padha celathu: "Wong Yahudi iku dudu apa-apa". Ing mangka wong-wong mau padha maca Kitabe dhewe-dhewe. Mangkono uga padha celathu wong kang ora padha mangerti ing Kitab kaya celathune wong ahli Kitab mau. Nuli Allah bakal maringi putusan ing antarane wong-wong mau kabeh besuk dina Qiyamat bab-bab kang padha dipasulayakake.

١١٣- وَقَالَتِ الْيَهُودُ لَيْسَتِ النَّصٰرٰى عَلٰى شَيْءٍ وَّقَالَتِ النَّصٰرٰى لَيْسَتِ الْيَهُودُ عَلٰى شَيْءٍ وَّهُمْ يَتْلُوْنَ الْكِتٰبَ ؕ كَذٰلِكَ قَالَ الَّذِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ مِثْلَ قَوْلِهِمْ ۚ فَاللّٰهُ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فِيْمَا كَانُوْا فِيْهِ يَخْتَلِفُوْنَ ۝

Wa qaalatil yahuudu laisatin nashaaraa 'alaa syai-in wa qaalatin nashaaraa laisatil yahuudu 'alaa syai-iw wahum yatluunal kitaab, kadzaalika qaalal ladziina laa ya'lamuuna mitsla qaulihim, fallaahu yahkumu bainahum yaumal qiyaamati fiimaa kaanuu fiihi yakhtalifuun.

114. Lan sapa kang luwih nganiaya tinimbang wong kang ngalang-alangi Masjid-Masjiding Allah dianggo nyebut-nyebut asmaning Allah, lan ing kono banjur tumandang ngrusak Masjid mau? Wong mau ora padha pantes mlebu ing Masjid, kajaba kalawan wedi. Dheweke bakal padha kapatrapan panguripan asor ana ing Donya, dene besuk ana ing Akherat bakal padha kapatrapan siksa kang abot.

١١٤- وَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنْ مَّنَعَ مَسٰجِدَ اللّٰهِ اَنْ يُّذْكَرَ فِيْهَا اسْمُهٗ وَسَعٰى فِيْ خَرَابِهَا ؕ اُولٰٓئِكَ مَا كَانَ لَهُمْ اَنْ يَّدْخُلُوْهَآ اِلَّا خَآئِفِيْنَ ؕ لَهُمْ فِي الدُّنْيَا خِزْيٌ وَّلَهُمْ فِي الْاٰخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ۝

Wa man azhlama mimmam mana'a masaajidallaahi ay yudzkara fiihasmuhuu wa sa'aa fii kharaabihaa, ulaa-ika maa kaana lahum ay yadkhuluuhaa illaa khaa-ifiina lahum fid-dunyaa khizyuw wa lahum fil aakhirati 'adzaabun 'azhiim.

115. Arah wetan lan arah kulon itu kagungane Allah, mula marang ngendi bae madhepira ana ing kono sira madhep ing ngarsane Allah. Sanyata Allah iku maha Jembar tur maha Wikan.

١١٥- وَلِلّٰهِ الْمَشْرِقُ وَالْمَغْرِبُ فَاَيْنَمَا تُوَلُّوْا فَثَمَّ وَجْهُ اللّٰهِ ؕ اِنَّ اللّٰهَ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ۝

Wa lillaahil masyriqu wal maghrib, fa ainamaa tuwalluu fa tsamma wajhullaah, innallaaha waasi'un 'aliim.

116. Wong mau padha ngucap: "Allah iku peputra". Pangandikane Allah: "Allah iku Maha Suci; Langit lan Bumi saisine iku kagungane Allah, kabeh mau padha sujud marang PanjenengaNe".

١١٦- وَقَالُوا اتَّخَذَ اللّٰهُ وَلَدًا سُبْحٰنَهٗ ؕ بَلْ لَّهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ؕ كُلٌّ لَّهٗ قٰنِتُوْنَ ۔

Wa qaaluttakhadzallaahu waladan subhaanah, bal lahuu maa fis samaawaati wal ardh, kullul lahuu qaanituun.

117. Allah iku kang nitahake Langit lan Bumi, manawa PanjenengaNe kagungan karsa namtokake sawijining perkara cukup paring pangandika: "Sira anaa", sanalika banjur ana.

١١٧- بَدِيْعُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ؕ وَاِذَا قَضٰٓى اَمْرًا فَاِنَّمَا يَقُوْلُ لَهٗ كُنْ فَيَكُوْنُ ۝

Badii'us samaawaati wal ardh, wa idzaa qadhaa amran fa innamaa yaquulu lahuu kun fayakuun.

118. Lan padha ngucap wong kang padha ora ngerti Kitab: "mBok hiya Allah paring pangandika tumuju marang aku kabeh, utawa teka siji ayat marang aku". Mangkono uga pangucape wong biyen sadurunge kaya pangucape wong-wong mau, iku padha sarupa bae aten-atene. Sanyata Ingsun wus nerangake pirang-pirang tandha yekti tumrap wong kang yakin.

١١٨- وَقَالَ الَّذِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ لَوْلَا يُكَلِّمُنَا اللّٰهُ اَوْ تَاْتِيْنَآ
اٰيَةٌ ۗ كَذٰلِكَ قَالَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ مِّثْلَ قَوْلِهِمْ ۘ
تَشَابَهَتْ قُلُوْبُهُمْ ۗ قَدْ بَيَّنَّا الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يُّوْقِنُوْنَ ۝

Wa qaalal ladziina laa ya'lamuuna laulaa yukallimunallaahu au ta'tiinaa aayah, kadzaalika qaalal ladziina min qablihim mitsla qaulihim, tasyaabahat quluubuhum, qad bayyannal aayaati li qaumiy yuuqinuun.

119. Sanyata Ingsun wus ngutus ing sira Muhammad kalawan Pituduh kang bener, angebang-ebang ambebungah sarta pepacuh angengetake, lan sira ora bakal kadangu bab perkarane wong kang padha kasiksa ing Neraka Jahim.

١١٩- اِنَّآ اَرْسَلْنٰكَ بِالْحَقِّ بَشِيْرًا وَّنَذِيْرًا ۙ وَّلَا تُسْـَٔلُ عَنْ
اَصْحٰبِ الْجَحِيْمِ ۝

Innaa arsalnaaka bil haqqi basyiiran wa nadziiran walaa tas-alu 'an ash-haabil jahiim.

120. Lan wong Yahudi sarta wong Nasrani iku ora bakal padha lega lila ing sira, nganti sira gelem manut mlebu Agamane wong mau, Sira dhawuha Muhammad: „Sanyata pituduhing Allah iku pituduh kang luwih bener". Lan manawa sira nganti mbangun turut marang nafsune wong mau sawuse sira katekan 'ilmu, ora ana kang bakal paring Pangayoman lan Pitulung tumrap sira saka siksaning Allah.

١٢٠- وَلَنْ تَرْضٰى عَنْكَ الْيَهُوْدُ وَلَا النَّصٰرٰى حَتّٰى تَتَّبِعَ
مِلَّتَهُمْ ۗ قُلْ اِنَّ هُدَى اللّٰهِ هُوَ الْهُدٰى ۗ وَلَىِٕنِ
اتَّبَعْتَ اَهْوَآءَهُمْ بَعْدَ الَّذِيْ جَآءَكَ مِنَ الْعِلْمِ ۙ
مَا لَكَ مِنَ اللّٰهِ مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا نَصِيْرٍ ۝

Walan tardhaa 'ankal yahuudu walan nashaaraa hattaa tattabi'a millatahum, qul inna hudallaahi huwal hudaa, wala-inittaba'ta ahwaa-ahum ba'dal ladzii jaa-aka minal 'ilmi maa laka minallaahi miw waliyyiw walaa nashiir.

121. Wong-wong kang wus padha Ingsun paringi Kitab tumuli padha maca Kitab mau kalawan sabener-benere olehe maca, wong kang kaya mangkono mau jeneng percaya temenan marang Kitabe.[51] Lan sapa wonge kafir ora iman marang Kitabe, nyata wong iku padha kapitunan.

١٢١- اَلَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ يَتْلُوْنَهٗ حَقَّ تِلَاوَتِهٖ ۗ اُولٰٓئِكَ
يُؤْمِنُوْنَ بِهٖ ۗ وَمَنْ يَّكْفُرْ بِهٖ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ۝

Alladziina aatainaa humul kitaaba yatluunahuu haqqa tilaawatih, ulaa-ika yu'minuuna bih, wamay yakfur bihii fa ulaa-ika humul khaasiruun.

122. He tedhak turune Bani Israil, sira padha den eling ing kani'matan Ingsun kang wus Ingsun paringake marang sira kabeh, lan Ingsun wus ngutamakake sira kabeh, ngungkuli wong sajagad-rat.[52]

١٢٢- يٰبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اذْكُرُوْا نِعْمَتِيَ الَّتِيْٓ اَنْعَمْتُ عَلَيْكُمْ
وَاَنِّيْ فَضَّلْتُكُمْ عَلَى الْعٰلَمِيْنَ ۝

Yaa banii israa-iiladzkuruu ni'matiyal latii an'amtu 'alaikum wa annii fadhdhaltukum 'alal 'aalamiin.

51). **Boten ngewahi Al Kitab utawi na'wilaken sak kajengipun piyambak.**
52). **Ummat ingkang sami-sami ing zaman samanten.**

123. Lan sira padha wediya ing dinaning Qiyamat, kang ing dina kono ora ana wong bisa tetulung marang liyan,[53] lan ora bakal ditampa tebusan, lan ora bakal ana syafa'at pitulungan do'a kang migunani, lan dheweke ora bakal padha diparingi pitulung.

١٢٣- وَاتَّقُوْا يَوْمًا لَّا تَجْزِىْ نَفْسٌ عَنْ نَّفْسٍ شَيْـًٔا وَّ لَا يُقْبَلُ مِنْهَا عَدْلٌ وَّلَا تَنْفَعُهَا شَفَاعَةٌ وَّلَا هُمْ يُنْصَرُوْنَ ۝

Wattaquu yaumal laa tajzii nafsun 'an nafsin syai-aw walaa yuqbalu minhaa 'adluw walaa tanfa'uhaa syafaa'atuw wa laa hum yunsharuun.

124. Lan ing nalika Pangeran paring coba marang Nabi Ibrahim kalawan pirang-pirang kalimat (dhedhawuhan lan pepacuh), [54] Nabi Ibrahim uga banjur nyampurnakake kabeh mau. Dhawuhing Allah: "Sanyata Ingsun wus ngangkat netepake ing sira Ibrahim dadi Panutan ing kabeh manungsa". Nabi Ibrahim munjuk atur: "(Sendika ing dhawuh), sarta ugi tedhak-turun kawula?" [55] Dhawuhing Allah: "JanjinIngsun ora tumuju marang wong kang padha nganiaya".

١٢٤- وَاِذِ ابْتَلٰٓى اِبْرٰهٖمَ رَبُّهٗ بِكَلِمٰتٍ فَاَتَمَّهُنَّ ۗ قَالَ اِنِّىْ جَاعِلُكَ لِلنَّاسِ اِمَامًا ۗ قَالَ وَمِنْ ذُرِّيَّتِىْ ۗ قَالَ لَا يَنَالُ عَهْدِى الظّٰلِمِيْنَ ۝

Wa idzibtalaa ibraahiima rabbuhuu bi-kalimaatin fa atammahunna, qaala innii jaa'iluka lin naasi imaama, qaala wa min dzurriyyatii, qaala laa yanaalu 'ahdizh zhaalimiin.

125. Lan ing nalika Ingsun kagungan karsa andadekake Baitullah Ka'bah dadi papan luru ganjaran lan dadi papan katentreman tumrap para manungsa, dhawuhIngsun: "Sira padha ngalap paedah Makam Ibrahim [56] iku kanggo papaning pasholatan". Lan Ingsun paring janji marang Ibrahim lan Isma'il supaya padha den nucekake Padaleman Ka'bah Ingsun kanggo wong kang padha Thawaf lan wong kang padha I'tikaf, lan kanggo wong kang padha ruku' sarta padha sujud.

١٢٥- وَاِذْ جَعَلْنَا الْبَيْتَ مَثَابَةً لِّلنَّاسِ وَاَمْنًا ۗ وَاتَّخِذُوْا مِنْ مَّقَامِ اِبْرٰهٖمَ مُصَلًّى ۗ وَعَهِدْنَآ اِلٰٓى اِبْرٰهٖمَ وَاِسْمٰعِيْلَ اَنْ طَهِّرَا بَيْتِىَ لِلطَّآئِفِيْنَ وَالْعٰكِفِيْنَ وَالرُّكَّعِ السُّجُوْدِ ۝

Wa idz ja'alnal baita matsaabatal lin-naasi wa amnaa, wattakhidzuu mim maqaami ibraahiima mushallaa, wa 'ahidnaa ilaa ibraahiima wa ismaa'iila an thahhiraa baitiya lith thaa-ifiina wal 'aakifiina war rukka'is sujuud.

126. Lan nalika Nabi Ibrahim munjuk nenuwun: "Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka karsa andadosaken Nagari punika Nagari ingkang tata-tentrem, saha mugi tansah paring sawarnining woh-wohan dhumateng tetiyang ing ngriku sintena kemawon ingkang iman dhumateng Allah lan dinten A-

١٢٦- وَاِذْ قَالَ اِبْرٰهٖمُ رَبِّ اجْعَلْ هٰذَا بَلَدًا اٰمِنًا وَّارْزُقْ اَهْلَهٗ مِنَ الثَّمَرٰتِ مَنْ اٰمَنَ مِنْهُمْ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ ۗ قَالَ وَمَنْ كَفَرَ فَاُمَتِّعُهٗ قَلِيْلًا ثُمَّ اَضْطَرُّهٗٓ اِلٰى عَذَابِ النَّارِ ۗ وَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ۝

53). Ganjaran utawi dosanipun tiyang boten saged dipun liyeraken ngasanes, saben tiyang nanggel risiko piyambak-piyambak.

54). Gilir-gumanti Allah paring ujian kagem neter Nabi Ibrahim a.s. inggih punika ayasa bangunan Ka'bah, ngresiki Ka'bah saking pinten-pinten kamusyrikan, konfrontasi kaliyan Raja Namrudz, ngorbanaken ingkang putra kinasih Nabi Isma'il a.s.

55). Saestu Allah ngabulaken panuwunipun, kathah tedhak-turunipun katetepaken dados Nabi.

56). Panggenanipun Nabi Ibrahim a.s. jumeneng ambangun Ka'bah.

khir". Dhawuhe Allah: "Lan sapa bae kang kafir, Ingsun bakal paring kasenengan sethithik, tumuli Ingsun bakal meksa ing dheweke marang siksa Neraka, yaiku ala-alaning panggonan ngungsi".

Wa idz qaala ibraahiimu rabbij'al haadzaa baladan aaminaw warzuq ahlahuu minats tsamaraati man aamana minhum billaahi wal yaumil aakhir, qaala waman kafara fa umatti'uhuu qaliilan tsumma adh-tharruhuu ilaa 'adzaabin naar, wa bi'sal mashiir.

127. Lan nalika Nabi Ibrahim sarta Nabi Isma'il padha ngedegake temboking Padaleman Ka'bah, sakarone padha munjuk atur: "Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka karsa anampi amal kita sami, saestu Paduka punika maha Midhanget sarta maha Ngawuningani.

١٢٧ وَإِذْ يَرْفَعُ إِبْرٰهِمُ الْقَوَاعِدَ مِنَ الْبَيْتِ وَإِسْمٰعِيلُ
رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّا ۖ إِنَّكَ أَنْتَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Wa idz yarfa'u ibraahiimul qawaa'ida minal baiti wa ismaa'iil, rabbanaa taqabbal minnaa, innaka antas samii'ul 'aliim.

128. Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka andadosna kita tiyang kekalih ingkang sami sumarah dhumateng Paduka, samanten ugi tedhak turun kita, sadaya mugi Paduka dadosaken ummat ingkang pasrah sumarah dhumateng Paduka sarta mugi Pangeran paringa sesuluh dhumateng kita, sadaya lampah-lampahing pangabekti kita sami, lan Paduka mugi tansah karsa anampi tobat kita sami, saestu Paduka punika karsa anampi ing tobat tur Maha Asih.

١٢٨ رَبَّنَا وَاجْعَلْنَا مُسْلِمَيْنِ لَكَ وَمِنْ ذُرِّيَّتِنَا أُمَّةً
مُسْلِمَةً لَكَ ۖ وَأَرِنَا مَنَاسِكَنَا وَتُبْ عَلَيْنَا ۖ إِنَّكَ أَنْتَ
التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ۝

Rabbanaa waj'alnaa muslimaini laka wa min dzurriyyatinaa ummatan muslimatal laka wa arinaa manaasikanaa wa tub 'alainaa, innaka antat tawwaabur rahiim.

129. Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka angutus Utusan saking Bangsanipun dhumateng golonganipun, supados maosaken ayat-ayat Paduka dhumateng tetiyang wau, sarta mulang-muruk Kitab saha kawicaksanan lan nucekaken dhumateng tetiyang wau; saestu Paduka punika maha Mulya sarta maha Wicaksana.

١٢٩ رَبَّنَا وَابْعَثْ فِيهِمْ رَسُولًا مِنْهُمْ يَتْلُوا عَلَيْهِمْ
ءَايٰتِكَ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ وَيُزَكِّيهِمْ ۚ
إِنَّكَ أَنْتَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ۝

Rabbanaa wab'ats fiihim rasuulam minhum yatluu 'alaihim aayaatika wa yu'allimuhumul kitaaba wal hikmata wa yuzakkiihim, innaka antal 'aziizul hakiim.

130. Lan ora ana wong serik gething marang Agamane Nabi Ibrahim, kajaba wong kang bodho, lan sanyata Ingsun wus milih Ibrahim mau ana ing Donya 57) lan ana ing Akherat dheweke dadi golongane wong kang padha tumindak becik.

١٣٠ وَمَنْ يَرْغَبُ عَنْ مِلَّةِ إِبْرٰهِمَ إِلَّا مَنْ سَفِهَ نَفْسَهُ ۚ
وَلَقَدِ اصْطَفَيْنٰهُ فِي الدُّنْيَا ۖ وَإِنَّهُ فِي الْآخِرَةِ
لَمِنَ الصّٰلِحِينَ ۝

Wamay yarghabu 'am millati ibraahiima illaa man safiha nafsah, wa laqadish-thafainaahu fiddunyaa, wa innahuu fil aakhirati laminash shaalihiin.

57). Nabi Ibrahim a.s. dipun paringi pangkat Khalilullah Rasul, Imam, sarta kathah putra wayah ingkang dipun karsakaken Allah kawisuda dados Nabi

131. Nalika Pangerane paring dhawuh marang Ibrahim: "Sira sumaraha". Dheweke enggal munjuk atur: "Kula sumarah andherek dhawuhipun Pangeraning 'Alam Jagad raya".

١٣١- إِذْ قَالَ لَهُ رَبُّهُ أَسْلِمْ ۙ قَالَ أَسْلَمْتُ لِرَبِّ الْعَٰلَمِينَ ۝

Idz qaala lahuu rabbuhuu aslim qaala aslamtu lirabbil 'aalamiin.

132. Lan Nabi Ibrahim wus masiyatake marang putra-putrane, semono uga Nabi Ya'qub. Nabi Ibrahim dhawuh: "He anak-anakku, satemene Allah wus milihake Agama kanggo sira kabeh, poma dipoma sira aja mati, kajaba mati Islam".

١٣٢- وَوَصَّىٰ بِهَآ إِبْرَٰهِـۧمُ بَنِيهِ وَيَعْقُوبُ ۖ يَٰبَنِىَّ إِنَّ ٱللَّهَ ٱصْطَفَىٰ لَكُمُ ٱلدِّينَ فَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنتُم مُّسْلِمُونَ ۝

Wa washshaa bihaa ibraahiimu baniihi wa ya'quub, yaa baniyya innallaahashthafaa lakumud diina falaa tamuutunna illaa wa antum muslimuun.

133. He tedhak turune Bani Israil, apa sira padha nunggoni nalika arep sedane Nabi Ya'qub, ing nalika iku tutur wasiyat marang putra-putrane: "Apa kang bakal padha sira sembah ing sapungkurku?". Anak putune padha matur: "Kita sadaya manembah dhumateng Pangeran panjenengan, sarta Pangeranipun para leluhur Panjenengan, Nabi Ibrahim, Nabi Isma'il lan Nabi Ishaq, inggih punika Pangeran ingkang Maha Esa, kita sadaya sami sumarah, andherek dhumateng Panjenenganipun.

١٣٣- أَمْ كُنتُمْ شُهَدَآءَ إِذْ حَضَرَ يَعْقُوبَ ٱلْمَوْتُ ۙ إِذْ قَالَ لِبَنِيهِ مَا تَعْبُدُونَ مِنۢ بَعْدِى ۖ قَالُوا۟ نَعْبُدُ إِلَٰهَكَ وَإِلَٰهَ ءَابَآئِكَ إِبْرَٰهِـۧمَ وَإِسْمَٰعِيلَ وَإِسْحَٰقَ إِلَٰهًا وَٰحِدًا ۖ وَنَحْنُ لَهُۥ مُسْلِمُونَ ۝

Am kuntum syuhadaa-a idz hadhara ya'quubal mautu idz qaala li baniihi maa ta'buduuna mim ba'dii, qaaluu na'budu ilaahaka wa ilaaha aabaa-ika ibraahiima wa ismaa'iila wa is-haaka ilaahaw waahidaw wa nahnu lahuu muslimuun.

134. Iku mau kabeh ummat kang wus padha kapungkur, dheweke bakal oleh paringan ganjarane amal kang wus padha ditindakake, lan sira uga bakal padha nampa ganjarane amal kang wus padha sira tindakake. Lan sira ora bakal padha didangu saka amal tumindake wong-wong kuna mau kabeh.

١٣٤- تِلْكَ أُمَّةٌ قَدْ خَلَتْ ۖ لَهَا مَا كَسَبَتْ وَلَكُم مَّا كَسَبْتُمْ ۖ وَلَا تُسْـَٔلُونَ عَمَّا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ۝

Tilka ummatun qad khalat, lahaa maa kasabat wa lakum maa kasabtum, walaa tus-aluuna 'ammaa kaanuu ya'maluun.

135. Wong ahli Kitab padha celathu: "Sira padha dadia Yahudi utawa Nasrani mesthi sira bakal padha oleh pituduh". Dhawuha sira Muhammad: "Aku malah andherek Agamane Nabi Ibrahim kang jejeg-lempeng, lan Panjenengane dudu golongane wong kang musyrik".

١٣٥- وَقَالُوا۟ كُونُوا۟ هُودًا أَوْ نَصَٰرَىٰ تَهْتَدُوا۟ ۗ قُلْ بَلْ مِلَّةَ إِبْرَٰهِـۧمَ حَنِيفًا ۖ وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ۝

Wa qaaluu kuunuu huudan au nashaaraa tahtaduu, qul bal millata ibraahiima haniifaa, wamaa kaana minal musyrikiin.

136. He, wong kang padha Mu'min, sira padha ngucapa: "Aku kabeh iman marang Allah lan marang barang kang wus diturun ake marang aku kabeh, lan barang kang wus diturunake marang Nabi Ibrahim, lan Nabi Isma'il, lan Nabi Ishaq, lan Nabi Ya'qub sarta tedhak turune, sarta uga iman marang

١٣٦- قُولُوٓا۟ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْنَا وَمَآ أُنزِلَ إِلَىٰٓ إِبْرَٰهِـۧمَ وَإِسْمَٰعِيلَ وَإِسْحَٰقَ وَيَعْقُوبَ وَٱلْأَسْبَاطِ وَمَآ أُوتِىَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَمَآ أُوتِىَ ٱلنَّبِيُّونَ مِن رَّبِّهِمْ ۖ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِّنْهُمْ ۖ وَنَحْنُ لَهُۥ مُسْلِمُونَ ۝

barang kang wus kaparingake marang Nabi Musa, lan Nabi 'Isa, lan kang wus diparingake marang para Nabi saka Pangerane. Kita kabeh ora babar pisan ambedak-mbedakake antarane para andika Nabi mau, lan aku kabeh padha sumarah ndherek marang PanjenengaNe Allah".

Quuluu aamannaa billaahi wamaa unzila ilainaa wamaa unzila ilaa ibraahiima wa ismaa'iila wa is-haaqa wa ya'quuba wal asbaathi wamaa uutiya muusaa wa 'iisaa wamaa 'uutiyan nabiyyuuna mir rabbihim laa nufarriqu baina ahadim minhum wa nahnu lahuu muslimuun.

137. Ing mangka manawa wong-wong ahli Kitab mau padha gelem ngrasuk iman kaya imanira, sanyata bakal padha oleh Pituduh; ananging manawa padha mlengos sanyata dheweke padha ana ing bosah-baseh cecongkrahan. Mangka Allah bakal paring slamet ing sira Muhammad saka alaning panggawene wong-wong mau, lan PanjenengaNe mau kang Maha Midhanget sarta Maha Ngudaneni.

١٣٧ فَإِنْ آمَنُوا بِمِثْلِ مَا آمَنْتُمْ بِهِ فَقَدِ اهْتَدَوْا ۖ وَإِنْ تَوَلَّوْا فَإِنَّمَا هُمْ فِي شِقَاقٍ ۖ فَسَيَكْفِيكَهُمُ اللَّهُ ۚ وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Fa in aamanuu bi mitsli maa aamantum bihii fa qadihtadau, wa in tawallau fa innamaa hum fii syiqaaq, fa sayakfiika humullaah, wa huwassamii'ul 'aliim.

138. Babaraning Allah,[58] lan sapa kang babarane luwih endah-becike tinimbang babaraning Allah, lan aku kabeh padha manembah marang PanjenengaNe.

١٣٨ صِبْغَةَ اللَّهِ ۖ وَمَنْ أَحْسَنُ مِنَ اللَّهِ صِبْغَةً ۖ وَنَحْنُ لَهُ عَابِدُونَ ۝

Shibghatallaah, waman ahsanu minallaahi shibghataw wa nahnu lahuu 'aabiduun.

139. Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira padha ambantah ing aku tumrap Agamaning Allah? Ing mangka PanjenengaNe iku Pangeranku lan uga Pangeranira kabeh. Lan tumrap aku kabeh ganjarane amalku lan tumrap sira ganjarane amalira kabeh; lan aku kabeh padha tulus ikhlas marang PanjenengaNe".

١٣٩ قُلْ أَتُحَاجُّونَنَا فِي اللَّهِ وَهُوَ رَبُّنَا وَرَبُّكُمْ ۖ وَلَنَا أَعْمَالُنَا وَلَكُمْ أَعْمَالُكُمْ ۖ وَنَحْنُ لَهُ مُخْلِصُونَ ۝

Qul a tuhaajjuunanaa fillaahi wa huwa rabbunaa wa rabbukum, wa lanaa a'maalunaa, walakum a'maalukum wa nahnu lahuu mukhlishuun.

140. Apa sira padha angucap yenta Nabi Ibrahim, Nabi Isma'il, Nabi Ishaq, lan Nabi Ya'qub, sarta tedhak turune iku padha ngrasuk Agama Yahudi utawa Nasrani? Dhawuha sira Muhammad: "Pikiren, sira apa Allah kang luwih mangerti? Lan sapa kang luwih tumindak aniaya tinimbang karo wong selingkuh ngumpetake syahadah saka Allah [59] marang dheweke? Lan ora babarpisan Allah iku kasupen saka tindak tanduk kang wus padha sira lakoni".

١٤٠ أَمْ تَقُولُونَ إِنَّ إِبْرَاهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ وَإِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطَ كَانُوا هُودًا أَوْ نَصَارَىٰ ۗ قُلْ ءَأَنْتُمْ أَعْلَمُ أَمِ اللَّهُ ۗ وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنْ كَتَمَ شَهَادَةً عِنْدَهُ مِنَ اللَّهِ ۗ وَمَا اللَّهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ۝

Am taquuluuna inna ibraahiima wa ismaa'iila wa ishaaqa wa ya'quuba wal asbaatha kaanuu huudan au nashaaraa,

58). **Ingkang dipun maksud iman dhumateng Allah, boten kacampuran musyrik sakedhik-kedhika**

59). **Inggih punika katerangan wonten Taurat lan Injil, bilih Nabi Ibrahim a.s. punika boten Yahudi lan boten Nasrani, sarta Allah badhe angutus Nabi Muhammad s.a.w.**

qul a antum a'lamu amillaah, waman azhlamu mimman katama syahaadatan 'indahuu minallaah, wa mallaahu bighaa filin 'ammaa ta'maluun.

141. Iku kabeh mau, ummat kang wus kapungkur, dheweke bakal padha nampa nugraha saka amal kang wus ditindakake, semono uga sira kabeh bakal nampa nugraha, apa kang wus sira tindakake, lan sira ora babarpisan didangu Pangeran, tindak karyane wong-wong jaman kuno mau kabeh.

١٤١- تِلْكَ أُمَّةٌ قَدْ خَلَتْ لَهَا مَا كَسَبَتْ وَلَكُمْ مَا كَسَبْتُمْ وَلَا تُسْـَٔلُونَ عَمَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Tilka ummatun qad khalat, lahaa maa kasabat wa lakum maa kasabtum, walaa tus-aluuna 'ammaa kaanuu ya'maluun.

JUZ 2

142. Saweneh saka wong Yahudi **kang bo**dho bakal padha celathu: "Apa sabab-musababe dene dheweke wong-wong Islam iku padha pindah Qiblate kang biyen padha didadekake Qiblate?". Dhawuha sira Muhammad: "Wetan lan Kulon iku kabeh kagungane Allah, Panjenengane paring pituduh marang wong kang dadi kaparenging karsa-Ne, marang dedalan kang jejeg".

١٤٢- سَيَقُولُ السُّفَهَاءُ مِنَ النَّاسِ مَا وَلَّاهُمْ عَنْ قِبْلَتِهِمُ الَّتِي كَانُوا عَلَيْهَا ۚ قُلْ لِلَّهِ الْمَشْرِقُ وَالْمَغْرِبُ ۚ يَهْدِي مَنْ يَشَاءُ إِلَىٰ صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ ۝

Sayaquulus sufahaa-u minan naasi maa wallaahum 'an qiblatihimullatii kaanuu 'alaihaa qul lillaahil masyriqu wal maghribu. Yahdii may yasyaa-u ilaa shiraatim mustaqiim.

143. Mangkono uga Ingsun wus andadekake sira, Ummat Islam iku ummat kang adil lan pilihan, supaya sira padha dadi saksining para manungsa; lan supaya Rasul Muhammad uga dadi saksi: amal tumindakmu kabeh. Lan Ingsun ora andamel Qiblat kang dadi qiblatmu saiki iku, kajaba mung: supaya Ingsun priksa, wong kang ndherek ing Rasul, lan wong kang malah mbalela malik grembyang. Satemene ngalihing Qiblat iku pancen bobote gawat, kajaba tumraping wong kang padha pinaringan Pituduhing Allah, sarta ora babarpisan Allah iku angilang-ilangake imanira kabeh, sanyata Allah iku Maha Welas lan Maha Asih marang para manungsa.

١٤٣- وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَاكُمْ أُمَّةً وَسَطًا لِتَكُونُوا شُهَدَاءَ عَلَى النَّاسِ وَيَكُونَ الرَّسُولُ عَلَيْكُمْ شَهِيدًا ۗ وَمَا جَعَلْنَا الْقِبْلَةَ الَّتِي كُنْتَ عَلَيْهَا إِلَّا لِنَعْلَمَ مَنْ يَتَّبِعُ الرَّسُولَ مِمَّنْ يَنْقَلِبُ عَلَىٰ عَقِبَيْهِ ۚ وَإِنْ كَانَتْ لَكَبِيرَةً إِلَّا عَلَى الَّذِينَ هَدَى اللَّهُ ۗ وَمَا كَانَ اللَّهُ لِيُضِيعَ إِيمَانَكُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ بِالنَّاسِ لَرَءُوفٌ رَحِيمٌ ۝

Wa kadzaalika ja'alnaakum ummataw wasathal litakuunuu syuhadaa-a 'alan naasi, wayakuunar Rasuulu 'alaikum syahiidaa, wamaa ja'alnal qiblatal latii kunta 'alaihaa illaa lina'lama may yattabi'ur Rasuula mim may yan qalibu 'alaa 'aqibaihi wa in kaanat lakabiiratun illaa 'alal ladziina hadallaahu wamaa kaanallaahu liyudhii'a iimaanakum innallaaha binnaasi lara-uufur rahiim.

144. Sanyata Ingsun wus angawuningani pasuryanira andedangak ing Langit,[60] ing mangka pasuryanira bakal Ingsun adhepake ing Qiblat kang sira senengi, jalaran saka iku mau: sira padha ngadhepna pasuryanira ing arahing Masjidil Harom. Sarta ana ing ngendi bae ananira kabeh, supaya sira padha ngadhepna pasuryanira marang pernahing Ka'bah mau, lan satemene wong kang padha diparingi Kitab padha ngerti manawa Ka'bah iku bener saka karsaning Pangerane. Sarta ora babarpisan Allah iku kasupen marang samubarang kang padha ditindakake dening wong-wong mau kabeh.

١٤٤- قَدْ نَرٰى تَقَلُّبَ وَجْهِكَ فِي السَّمَآءِ ۚ فَلَنُوَلِّيَنَّكَ قِبْلَةً تَرْضٰىهَا ۪ فَوَلِّ وَجْهَكَ شَطْرَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۚ وَحَيْثُ مَا كُنْتُمْ فَوَلُّوْا وُجُوْهَكُمْ شَطْرَهٗ ۗ وَاِنَّ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ لَيَعْلَمُوْنَ اَنَّهُ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّهِمْ ۗ وَمَا اللّٰهُ بِغَافِلٍ عَمَّا يَعْمَلُوْنَ ۝

Qad naraa taqalluba wajhika fis samaa-i falanuwalliyannaka qiblatan tardhaahaa fawalli wajhaka syathral masjidil haraami wahaitsu maa kuntum fawalluu wujuuhakum syathrah, wa innalladziina uutul kitaaba laya'lamuuna annahul haqqu mir rabbihim wa mallaahu bighaafilin 'ammaa ya'maluun.

145. Lan saupama sira manut marang wong Yahudi lan Nasrani kang diparingi Kitab Taurat lan Injil, saben ana ayat tandha yekti, dheweke ora bakal padha nganut Qiblatira, lan sira uga ora bakal nganut Qiblate wong-wong mau. Sarta sawenehe wong-wong mau uga ora padha nganut marang Qiblate saweneh liyane. Lan manawa sira manut marang hardaning hawa nafsune wong-wong mau sawuse sira katekanan kawruh-ilmu, ing kono sira mesthi dadi golongane wong kang padha nganiaya.

١٤٥- وَلَئِنْ اَتَيْتَ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ بِكُلِّ اٰيَةٍ مَّا تَبِعُوْا قِبْلَتَكَ ۚ وَمَآ اَنْتَ بِتَابِعٍ قِبْلَتَهُمْ ۚ وَمَا بَعْضُهُمْ بِتَابِعٍ قِبْلَةَ بَعْضٍ ۗ وَلَئِنِ اتَّبَعْتَ اَهْوَآءَهُمْ مِّنْۢ بَعْدِ مَا جَآءَكَ مِنَ الْعِلْمِ ۙ اِنَّكَ اِذًا لَّمِنَ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Wala in ataital ladziina uutul kitaaba bikulli aayatim maa tabi'uu qiblatak. Wa maa anta bitaabi'in qiblatahum. Wa maa ba'dhuhum bitaabi'in qiblata ba'dhin. Wala-inittaba'ta ahwaa-ahum mim ba'di maa jaa-aka minal 'ilmi. Innaka idzal laminazh zhaalimiin.

146. Wong-wong Yahudi lan Nasrani kang Ingsun paringi Al-Kitab Taurat lan Injil iku, weruhe dheweke marang Muhammad kaya dene weruhe marang anak-anake dhewe.[61] Lan sanyata saka golongane wong-wong mau ana kang ngumpetake barang bener, ing mangka wong-wong mau sejatine padha mangerti

١٤٦- اَلَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ يَعْرِفُوْنَهٗ كَمَا يَعْرِفُوْنَ اَبْنَآءَهُمْ ۗ وَاِنَّ فَرِيْقًا مِّنْهُمْ لَيَكْتُمُوْنَ الْحَقَّ وَهُمْ يَعْلَمُوْنَ ۝

Alladziina aatainaahumul kitaaba ya'rifuunahuu kamaa ya'rifuuna abnaa-ahum. Wa inna fariiqam minhum layaktumuunal haqqa wahum ya'lamuun.

147. Barang kang bener iku yekti saka ngarsaning Allah Pangeranira, jalaran saka iku sira aja pisan-pisan dadi golongane wong kang padha mamang (gojag-gajeg).

١٤٧- اَلْحَقُّ مِنْ رَّبِّكَ فَلَا تَكُوْنَنَّ مِنَ الْمُمْتَرِيْنَ ۝

Al haqqu mir rabbika falaa takuunanna minal mumtariin.

60). Sering Nabi Muhammad s.a.w. ngaturaken do'a sarta nengga-nengga tumurunipun Wahyu dhawuhing Allah, supados ngadhepaken qiblat ing Ka'bah, wonten Masjid Haram (Mekkah).

61). Weruh tegesipun mangertosi sifat-sifatipun Nabi Muhammad s.a.w. ing salebeting Taurat lan Injil. Upami sifat al-amiin (pinitados), yatim, ummi (boten saged nyerat, boten saged maos), trampil srawung ing golongan suku bangsa, lan sanes-sanesipun.

148. Lan tumraping siji-sijine wong iku padha andarbeni Qiblat kang diadhepake, mula saka iku sira padha bebalapana tumindak kabecikan; ana ing ngendi bae dunungira, Allah mesthi ngumpulake sira kabeh, sanyata Allah iku Maha Kuwasa ingatase kabeh barang.

١٤٨- وَلِكُلٍّ وِّجْهَةٌ هُوَ مُوَلِّيْهَا فَاسْتَبِقُوا الْخَيْرٰتِ ۭ اَيْنَ مَا تَكُوْنُوْا يَاْتِ بِكُمُ اللّٰهُ جَمِيْعًا ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰي كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Walikulliw wijhatun huwa muwalliihaa fastabiqul khairaat. Ainamaa takuunuu ya'ti bikumullaahu jamii'aa. Innallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

149. Saka arah ngendi bae sira padha metu/ lungan (teka) mangka adhepna rahinira ing arah pernahing Masjidil Harom; sanyata Ka'bah iku bener saka ngarsaning Allah Pangeranira, lan ora babar pisan Allah iku kasupen marang samubarang kang padha sira tindakake.

١٤٩- وَمِنْ حَيْثُ خَرَجْتَ فَوَلِّ وَجْهَكَ شَطْرَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۭ وَاِنَّهٗ لَلْحَقُّ مِنْ رَّبِّكَ ۭ وَمَا اللّٰهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ۝

Wamin haitsu kharajta fawalli wajhaka syathral masjidil haraam. Wa innahuu lalhaqqu mir rabbika wamallaahu bighaafilin 'ammaa ta'maluun.

150. Lan saka arah ngendi bae sira padha metu(teka) mangka adhepna rahinira marang arahe Masjidil Harom, lan ana ing panggonan ngendi bae, sira ngadhepna rahinira marang arahe Masjidil Harom, supaya para manungsa ora padha bisa madoni marang sira kabeh, kajaba saka wong-wong ahli Kitab kang padha nganiaya, sira aja padha wedi marang dheweke, ananging sira padha wediya marang Ingsun, supaya Ingsun nyampurnakake kani'matanIngsun marang sira kabeh, sarta supaya sira kabeh padha pinaringan Pituduh.

١٥٠- وَمِنْ حَيْثُ خَرَجْتَ فَوَلِّ وَجْهَكَ شَطْرَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۭ وَحَيْثُ مَا كُنْتُمْ فَوَلُّوْا وُجُوْهَكُمْ شَطْرَهٗ ۙ لِئَلَّا يَكُوْنَ لِلنَّاسِ عَلَيْكُمْ حُجَّةٌ اِلَّا الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا مِنْهُمْ فَلَا تَخْشَوْهُمْ وَاخْشَوْنِيْ ۠ وَلِاُتِمَّ نِعْمَتِيْ عَلَيْكُمْ وَلَعَلَّكُمْ تَهْتَدُوْنَ ۝

Wamin haitsu kharajta fawalli wajhaka syatral masjidil haraami wa haitsumaa kuntum fawalluu wujuuhakum syathrah li-allaa yakuuna linnaasi 'alaikum hujjah, illal ladziina zhalamuu minhum falaa takhsyauhum wakhsyaunii, wa li-utimma ni'matii 'alaikum wa la'allakum tahtaduun.

151. Ni'mat mau kaya anggonIngsun wus ngutus sawijining Utusan ana ing sira kabeh saka golonganira, kang macakake Ayat-ayat Ingsun marang sira lan nuceni sira kabeh sarta mulang-wuruk Kitab lan Kawicaksanan marang sira kabeh, apa dene mulang-wuruk sira kabeh barang kang sira kabeh durung padha mangerteni.

١٥١- كَمَآ اَرْسَلْنَا فِيْكُمْ رَسُوْلًا مِّنْكُمْ يَتْلُوْا عَلَيْكُمْ اٰيٰتِنَا وَيُزَكِّيْكُمْ وَيُعَلِّمُكُمُ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ وَيُعَلِّمُكُمْ مَّا لَمْ تَكُوْنُوْا تَعْلَمُوْنَ ۝

Kamaa arsalnaa fiikum rasuulam minkum yatluu 'alaikum aayaatinaa wa yuzakkiikum wa yu'allimukumul kitaaba wal hikmata wa yu'allimukum maa lam takuunuu ta'lamuun.

152. Mulane sira den padha eling nyenyebut Ingsun. Ingsun uga bakal ngelingi ing sira kabeh, sarta padha syukura marang Ingsun lan

١٥٢- فَاذْكُرُوْنِيْٓ اَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوْا لِيْ وَلَا تَكْفُرُوْنِ ۝

aja pisan-pisan padha selak-kafir marang ni'mat peparing Ingsun.

Fadzkuruunii adzkurkum wasykuruulii walaa takfuruun.

153. He wong kang padha Mu'min, sira ngupayaa Pitulunging Allah lalawan Sabar lan Shalat,[62] jalaran satemene Allah iku anartani wong kang padha sabar tetep-mantep.

١٥٣ يَاأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اسْتَعِيْنُوْا بِالصَّبْرِ وَالصَّلٰوةِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ مَعَ الصّٰبِرِيْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuusta'iinuu bishshabri washsholaati innallaaha ma'ash shoobiriin.

154. Lan sira aja padha ngucap, manawa wong kang dipateni ana ing Agama-Dedalaning Allah iku mati,[63] balik nyatane padha urip, mung bae sira kabeh ora padha krasa-rumangsa.

١٥٤ وَلَا تَقُوْلُوْا لِمَنْ يُّقْتَلُ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ اَمْوَاتٌ ۭ بَلْ اَحْيَاۗءٌ وَّلٰكِنْ لَّا تَشْعُرُوْنَ ۝

Walaa taqtuluu limay yuqtalu fii sabiilillaahi amwaatum bal ahyaa-uw walaakil laa tasy'uruun.

155. Lan sanyata Ingsun bakal nyoba ing sira kabeh kalawan sawatara kekuwatiran lan kaluwen, lan kekurangan bandha, lan kekurangan kadang mitra, sarta kekurangan wohwohan. Sira ambebungaha marang wong-wong kang padha kuwat sabar.

١٥٥ وَلَنَبْلُوَنَّكُمْ بِشَيْءٍ مِّنَ الْخَوْفِ وَالْجُوْعِ وَنَقْصٍ مِّنَ الْاَمْوَالِ وَالْاَنْفُسِ وَالثَّمَرٰتِ ۭ وَبَشِّرِ الصّٰبِرِيْنَ ۝

Wa lanabluwannakum bisyai-im minal khaufi waljuu'i wanaqshim minal amwaali wal anfusi watstsamaraati wabasysyirish shaabiriin.

156. Yaiku wong-wong kang manawa kataman pancabaya padha ngucap munjuk atur dhedhepe marang Allah: "Sanyata aku kabeh iki kagunganing Allah, lan aku kabeh bakal padha sowan katimbalan Panjenengaku".[64]

١٥٦ الَّذِيْنَ اِذَآ اَصَابَتْهُمْ مُّصِيْبَةٌ ۙ قَالُوْٓا اِنَّا لِلّٰهِ وَاِنَّآ اِلَيْهِ رٰجِعُوْنَ ۝

Alladziina idzaa ashaabathum mushiibatun qaaluu innaa lillaahi wa innaa ilaihi raaji'uun.

157. Wong kang mangkono iku hiya wong kang padha pinaringan pangapura lan sih saka Pangerane, lan hiya dheweke mau wong kang padha oleh Pituduh.

١٥٧ اُولٰۗىِٕكَ عَلَيْهِمْ صَلَوٰتٌ مِّنْ رَّبِّهِمْ وَرَحْمَةٌ ۣ وَاُولٰۗىِٕكَ هُمُ الْمُهْتَدُوْنَ ۝

Ulaa-ika 'alaihim shalawaatum mir rabbihim warakhmatuw wa ulaa-ika humul muhtaduun.

158. Satemene gumuk Safa lan gumuk Marwah iku kalebu syi'ar tetengering[65] dhedhepe marang Allah, sapa kang anindakake Hajji *) ing Baitullah utawa anindakake

١٥٨ اِنَّ الصَّفَا وَالْمَرْوَةَ مِنْ شَعَاۗىِٕرِ اللّٰهِ ۚ فَمَنْ حَجَّ الْبَيْتَ اَوِ اعْتَمَرَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِ اَنْ يَّطَّوَّفَ

62). Maksudipun supados nenuwun pitulunganing Allah s.w.t. sarana tumindak Sabar lan Shalat.

63). Tegesipun gesang wonten ing 'alam Sanes alam Donya, inggih punika gesang ni'mat celak ngarsa dalem Allah s.w.t. wonten ing 'Alam Barzah (alam Donya sampun kalampahan, nanging 'alam Akherat dereng!).

64). Manawi nampi alangan utawi kasisahan ageng-alit, supados maos "Innaa lillaahi wa innaa ilaihi raaji'uun".

65). Inggih punika panggenan-panggenan kangge nindakaken 'ibadah lan ta'at.

*) **Bab Hajji,** mirsanana "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

'umroh, mangka ora jeneng dosa tumrap dheweke[66] manawa arep thawaf ing panggonan loro mau. Dene sing sapa nindakake kabecikan saka karepe dhewe, mangka sanyata Allah iku kang karsa Nampa syukur sarta Maha Wikan.

بِهِمَا ۚ وَمَنْ تَطَوَّعَ خَيْرًا ۙ فَإِنَّ اللَّهَ شَاكِرٌ عَلِيمٌ ۝

Innash shafaa wal marwata min sya'aairillaahi faman hajjal baita awi'tamara falaa junaaha 'alaihi ay yaththawwafa bihimaa waman tathawwa'a khairan fainnallaaha syaakirun 'aliim.

159. Sanyata wong kang padha ngumpetake barang kang wus Ingsun turunake saka tandha yekti lan Pituduh sawuse Ingsun paring katerangan marang para manungsa ana sajeroning Kitab iku, wong-wong mau bakal dipatrapi la'nat bebendu dening Allah, lan dila'nati dening wong kang padha ngla'nati.

١٥٩- إِنَّ الَّذِينَ يَكْتُمُونَ مَا أَنْزَلْنَا مِنَ الْبَيِّنَاتِ وَالْهُدَىٰ مِنْ بَعْدِ مَا بَيَّنَّاهُ لِلنَّاسِ فِي الْكِتَابِ ۙ أُولَٰئِكَ يَلْعَنُهُمُ اللَّهُ وَيَلْعَنُهُمُ اللَّاعِنُونَ ۝

Innalladziina yaktumuuna maa anzalnaa minal bayyinaati walhudaa mim ba'di maa bayyannaahu linnaasi filkitaabi, ulaa ika yal'anu humullaahu wa yal'anuhumul laa'inuun.

160. Kajaba wong kang padha tobat, lan tumuli ada-ada kabecikan, sarta padha nerangake tumindak bener, mangka wong kang kaya mangkono iku Ingsun kepareng nampa tobate, sarta Ingsun rena Nampa ing tobat sarta Maha Asih.

١٦٠- إِلَّا الَّذِينَ تَابُوا وَأَصْلَحُوا وَبَيَّنُوا فَأُولَٰئِكَ أَتُوبُ عَلَيْهِمْ ۚ وَأَنَا التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ۝

Illal ladziina taabuu wa ashlahuu wa bayyanuu fa ulaa-ika atuubu 'alaihim wa anat tawwaabur rahiim.

161. Sanyata wong-wong kang padha kafir lan mati isih ing sajerone kafire, wong kang mangkono mau bakal tetep oleh la'nating Allah, sarta la'nating Malaikat, lan para manungsa kabeh.

١٦١- إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَمَاتُوا وَهُمْ كُفَّارٌ أُولَٰئِكَ عَلَيْهِمْ لَعْنَةُ اللَّهِ وَالْمَلَائِكَةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ ۝

Innal ladziina kafaruu wa maatuu wahum kuffaarun ulaa-ika 'alaihim la'natullaahi wal malaa-ikati wannaasi ajma'iin.

162. Dheweke padha langgeng ana sajeroning la'nat mau, ora diparingi kaenthengan saka siksane, sarta dheweke ora bakal disarantekake diundur waktune.

١٦٢- خَالِدِينَ فِيهَا ۖ لَا يُخَفَّفُ عَنْهُمُ الْعَذَابُ وَلَا هُمْ يُنْظَرُونَ ۝

Khaalidiina fiihaa laa yukhaffafu 'anhumul 'adzaabu walaa hum yunzharuun.

163. Lan Pangeranira yaiku Pangeran kang Maha Esa (Maha Sawiji), ora ana Pangeran, kajaba mung Panjenengane piyambak, kang Maha Welas sarta Maha Asih.

١٦٣- وَإِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ ۖ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ الرَّحْمَٰنُ الرَّحِيمُ ۝

Wa ilaahukum ilaahuw waahid, laa ilaaha illaa huwar rahmaanur rahiim.

164. Sanyata ana ing perkara tumitahing Langit lan Bumi, lan gonta-gantining rina kalayan wengi, lan prahu kang lelayaran ana ing samudera kang migunani tumrap ma-

١٦٤- إِنَّ فِي خَلْقِ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافِ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَالْفُلْكِ الَّتِي تَجْرِي فِي الْبَحْرِ بِمَا يَنْفَعُ

66). Sabab saweneh para Sahabat wonten ingkang gadhah pamanggih napak-tilas Sa'i punika jaman Jahiliyah panggenan kamusyrikan, papanipun nyembah brahala.

nungsa, lan anggone Allah wus nurunake awujud banyu udan saka Langit tumuli nuwuhake thethukulan ing Bumi kang maune mati, lan nyebar sakabehing gegremet ana ing Bumi lan Panjenengane anggone ngratakake angin lan mega mendhung kang diparingi parentah ana ing antarane Langit lan Bumi, iku mau kabeh dadi tandha yekti tumrap wong kang nalar-nalar pamikire. *)

النَّاسَ وَمَآ أَنزَلَ اللَّهُ مِنَ السَّمَآءِ مِن مَّآءٍ فَأَحْيَا
بِهِ الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا وَبَثَّ فِيهَا مِن كُلِّ دَآبَّةٍ
وَتَصْرِيفِ الرِّيَاحِ وَالسَّحَابِ الْمُسَخَّرِ بَيْنَ السَّمَآءِ
وَالْأَرْضِ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ۝

Inna fii khalqis samaawaati wal ardhi wakhtilaafil laili wan nahaari wal fulkil latii tajrii fil bahri bimaa yanfa'un naasa wamaa anzalallaahu minas samaa-i mim maa-in fa ahyaa bihil ardha ba'da mautihaa wabatstsa fiihaa min kulli daabbah wa tashrii fir riyaahi was sahaabil musakh khari bainas samaa-i wal ardhi la aayaatil liqaumiy ya'qiluun.

165. Lan saweneh manungsa ana kang gawe bandhingan sesembahan saliyane Allah, dheweke padha seneng ing sesembahane mau kaya dene dhemene marang Allah, ananging sumurupa wong kang padha Mu'min iku luwih banget dhemene marang Allah. Lan saupama wong-wong kang padha nganiaya 67) mau padha weruh dhewe nalika dheweke andeleng siksa Neraka, dheweke padha ngerti yen kabeh kekuatan iku mung kagunganing Allah piyambak, lan sanyata Allah iku abot temenan siksane.

١٦٥. وَمِنَ النَّاسِ مَن يَتَّخِذُ مِن دُونِ اللَّهِ أَندَادًا
يُحِبُّونَهُمْ كَحُبِّ اللَّهِ ۖ وَالَّذِينَ آمَنُوا أَشَدُّ حُبًّا
لِّلَّهِ ۗ وَلَوْ يَرَى الَّذِينَ ظَلَمُوا إِذْ يَرَوْنَ الْعَذَابَ لَا
أَنَّ الْقُوَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا ۙ وَأَنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعَذَابِ ۝

Waminannaasi may yattakhidzu minduunillaahi andaaday yuhibbuu nahum kahubbillaahi walladziina aamanuu asyaddu hubballillaah walau yaral ladziina zhalamuu idz yaraunal 'adzaaba annal quwwata lillaahi jamii'aa wa annallaaha syadiidul 'adzaab.

166. Ing nalika wong-wong kang padha diturut padha selak saka wong kang padha nurut, lan dheweke padha weruh siksa, lan uga padha pedhot patembayane.

١٦٦. إِذْ تَبَرَّأَ الَّذِينَ اتُّبِعُوا مِنَ الَّذِينَ اتَّبَعُوا وَرَأَوُا الْعَذَابَ
وَتَقَطَّعَتْ بِهِمُ الْأَسْبَابُ ۝

Idztabarra alladziinat tubi'uu minalladziinat taba'uu wara-awul 'adzaaba wataqath tha'at bihimul asbaab.

167. Munjuk ature wong kang padha nurut: "Saupami kula sadaya punika kenging sami wangsul malih dhateng ngalam Donya, tamtu kula sadaya badhe selak saking piyambakipun kadosdene anggenipun nyelaki kula sadaya". Mangkono mau Allah paring weruh ing amale wong mau kabeh, satemah dadi gegetunen tumrap dheweke, lan dheweke ora bakal padha bisa oncat saka Neraka.

١٦٧. وَقَالَ الَّذِينَ اتَّبَعُوا لَوْ أَنَّ لَنَا كَرَّةً فَنَتَبَرَّأَ مِنْهُمْ
كَمَا تَبَرَّءُوا مِنَّا ۗ كَذَٰلِكَ يُرِيهِمُ اللَّهُ أَعْمَالَهُمْ حَسَرَاتٍ
عَلَيْهِمْ ۖ وَمَا هُم بِخَارِجِينَ مِنَ النَّارِ ۝

Wa qaalalladziinat taba'uu lau anna lanaa karratan fanatabarra-a minhum kamaa tabarra-uu minnaa kadzaalika yuriihimul-

67). Tegesipun tumindak musyrik, manembah dhumateng sanesipun Allah.

*) Wonten ing abad tehnologi modern, Bangsa Indonesia ugi sampun nliti paedahipun energi Surya kangge elektrifikasi ing Padhusunan, kados ingkang sampun katiti priksa dening Prof. Dr. Habibi wonten ing Fakultas Ilmu Pasti lan Alam, Universitas Gadjah Mada Yogyakarta (K.R. 30-11-77).

lahuu a'maalahum hasaraatin 'alaihim wamaa hum bikhaarijiina minannaar.

168. He para manungsa, sira padha mangana kabeh barang kang ana ing Bumi, kang halal sarta becik, lan aja padha nurut tindak-tanduking syetan, sabab syetan iku cetha mungsuh bebuyutan tumrap sira kabeh.

١٦٨- يَاأَيُّهَا النَّاسُ كُلُوا مِمَّا فِي الْأَرْضِ حَلَالًا طَيِّبًا وَلَا تَتَّبِعُوا خُطُوَاتِ الشَّيْطَانِ إِنَّهُ لَكُمْ عَدُوٌّ مُبِينٌ ۝

Yaa ayyuhan naasu kuluu mimmaa fil ardhi halaalan thayyibaa walaa tattabi'uu khuthuwaatisy syaithaani innahuu lakum 'aduwwum mubiin.

169. Sanyata syetan mau prentah ing sira supaya sira tumindak ala lan panggawe kang jember, lan supaya sira padha ngucapake ing Allah barang kang sira ora padha ngerti.

١٦٩- إِنَّمَا يَأْمُرُكُمْ بِالسُّوءِ وَالْفَحْشَاءِ وَأَنْ تَقُولُوا عَلَى اللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ۝

Innamaa ya'murukum bissuu-i wal fahsyaa-i wa antaquuluu 'alallaahi maa laa ta'lamuun.

170. Lan nalika didhawuhi marang wong-wong mau: ,,Sira padha ndhereka barang kang wus diturunake dening Allah", wong mau padha munjuk atur: ,,Kita sami nganut punapa ingkang sampun sami kita panggih, sarta dening tiyang sepuh kita adat saben katindakaken". Dhawuhing Allah: ,,Apa sanajan wong tuwane mau ora padha mangerti lungguhing perkara sithik-sithika lan ora padha oleh Pituduh?".

١٧٠- وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ اتَّبِعُوا مَا أَنْزَلَ اللَّهُ قَالُوا بَلْ نَتَّبِعُ مَا أَلْفَيْنَا عَلَيْهِ آبَاءَنَا أَوَلَوْ كَانَ آبَاؤُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ شَيْئًا وَلَا يَهْتَدُونَ ۝

Wa idzaa qiila lahumuttabi'uu maa anzalallaahu qaaluu bal nattabi'u maa alfainaa 'alaihi aabaa anaa awalau kaana aabaa-uhum laa ya'qiluuna syai-aw walaa yahtaduun.

171. Lan sanepane ngajak wong-wong kafir, iku kaya dene sanepane pangon kang ngundang hewan kang diengon, ora krungu kajaba mung suwaraning undangan lan ajakan. 68) Persasat budheg, bisu, wuta lan wong-wong iku ora padha duwe akal.

١٧١- وَمَثَلُ الَّذِينَ كَفَرُوا كَمَثَلِ الَّذِي يَنْعِقُ بِمَا لَا يَسْمَعُ إِلَّا دُعَاءً وَنِدَاءً صُمٌّ بُكْمٌ عُمْيٌ فَهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ۝

Wa matsalulladziina kafaruu kamatsalilladzii yan'iqu bimaa laa yasma'u illaa du'aa-aw wanidaa-a, shummum bukmun 'umyun fahum laa ya'qiluun.

172. He para wong Mu'min, padha mangana ing rezeki kang becik-becik kang Ingsun paringake marang sira, sarta padha syukura marang Allah, manawa nyata sira iku padha nyembah marang PanjenengaNe.

١٧٢- يَاأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُلُوا مِنْ طَيِّبَاتِ مَا رَزَقْنَاكُمْ وَاشْكُرُوا لِلَّهِ إِنْ كُنْتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ ۝

Yaa ayyuhalladziina aamanuu kuluu min thayyibaati maa razaknaakum wasykuruu lillaahi inkuntum iyyaahu ta'buduun.

173. Sanyata Allah mung ngaramake marang sira kabeh bathang, getih, daging celeng, lan hewan kang panyembelehe nganggo nyebut liyane asmaning Allah; 69) ananging

١٧٣- إِنَّمَا حَرَّمَ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةَ وَالدَّمَ وَلَحْمَ الْخِنْزِيرِ وَمَا أُهِلَّ بِهِ لِغَيْرِ اللَّهِ فَمَنِ اضْطُرَّ غَيْرَ بَاغٍ وَ

68). Tiyang kafir wonten kekafiranipun, kados hewan, boten ngertos dipun undang lare pangenipun.

69). Miturut ayat punika daging haram dipun dhahar, manawi asalipun dipun pragat nyebat asmaning Allah lan ugi nyebat asma sesembahan sanesipun.

tumrap sapa kang kapeksa ora kalawan karepe dhewe, lan ora ngliwati wates, mangka wong iku ora kapatrapan dosa, jalaran satemene Allah iku Maha Ngapura lan Maha Asih.

لَا عَادٍ فَلَآ إِثْمَ عَلَيْهِ ۚ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Innamaa harrama 'alaikumul maytata waddama wa lahmal khinziiri wamaa uhilla bihii lighairillaah famanith thurra ghaira baaghin walaa 'aadin falaa itsma 'alaih innallaaha ghafuurur rahiim.

17+. Sanyata wong kang padha ngumpetake barang kang wus diturunake Allah yaiku Al-Kitab, lan padha ngedol barang iku sarana rega kang sethithik, mangka dheweke ora padha mangan nglebokake ing wetenge, kajaba mung geni; lan besuk ing dina Qiyamat Allah ora karsa ngendikani marang wong mau, lan ora karsa ngresikake wong mau, lan bakal padha kapatrapan siksa kang nglarani banget.

١٧٤- إِنَّ الَّذِينَ يَكْتُمُونَ مَآ أَنزَلَ اللَّهُ مِنَ الْكِتَٰبِ وَيَشْتَرُونَ بِهِۦ ثَمَنًا قَلِيلًا ۙ أُو۟لَٰٓئِكَ مَا يَأْكُلُونَ فِى بُطُونِهِمْ إِلَّا ٱلنَّارَ وَلَا يُكَلِّمُهُمُ اللَّهُ يَوْمَ الْقِيَٰمَةِ وَلَا يُزَكِّيهِمْ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Innalladziina yaktumuuna maa anzalallahuu minal kitaabi wa yasytaruuna bihii tsamanan qaliilaa ulaa-ika maa ya'kuluuna fii buthuunihim illannaara walaa yukallimu humullaahu yaumal qiyaamati walaa yuzakkiihim walahum 'adzaabun aliim.

175. Wong mangkono mau yaiku kang padha tuku laku sasar kalawan Pituduh, lan tuku siksa kalawan Pangapura, mangka kok sabar temen wong mau nglawan geni Neraka.

١٧٥- أُو۟لَٰٓئِكَ الَّذِينَ ٱشْتَرَوُا۟ الضَّلَٰلَةَ بِالْهُدَىٰ وَالْعَذَابَ بِالْمَغْفِرَةِ ۚ فَمَآ أَصْبَرَهُمْ عَلَى النَّارِ ۝

Ulaa-ikal ladziinasy tarawudh dhalaalata bilhudaa wal 'adzaaba bil maghfirah, famaa ashbarahum 'alan naar.

176. Kang kaya mangkono mau jalaran Allah wus nurunake Al-Kitab kalawan nyata, lan satemene wong kang padha nyulayani kabeneraning Kitab iku temen wong mau padha ana ing sajeroning cecongkrahan kang adoh.

١٧٦- ذَٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ نَزَّلَ الْكِتَٰبَ بِالْحَقِّ ۗ وَإِنَّ الَّذِينَ ٱخْتَلَفُوا۟ فِى الْكِتَٰبِ لَفِى شِقَاقٍۭ بَعِيدٍ ۝

Dzaalika bi-annallaaha nazzalal kitaaba bil haq, wa innalladzii nakhtalafuu fil kitaabi lafii syiqaaqim ba'iid.

177. Dudu aran kabecikan*) yenta sira iku padha ngadhepake rahinira mangetan utawa mangulon, nanging kang aran kabecikan iku wong kang iman marang Allah, dina Qiyamat, Malaikat, Kitab, para andika Nabi, lan menehake bandhane kang disenengi banget diwenehake marang sanak sedulure, bocah yatim, wong miskin, musafir wong lelungan kentekan sangu, wong kang anjejaluk, nebus merdikakake batur tukon, lan nindakake Shalat, aweh Zakat, lan wong kang padha sabar ana ing sajeroning kasangsaran, lan rekasa, lan teguh nalika perang ruket, wong-wong kang kaya mangkono mau wong kang

١٧٧- لَّيْسَ الْبِرَّ أَن تُوَلُّوا۟ وُجُوهَكُمْ قِبَلَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ وَلَٰكِنَّ الْبِرَّ مَنْ ءَامَنَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْءَاخِرِ وَالْمَلَٰٓئِكَةِ وَالْكِتَٰبِ وَالنَّبِيِّۦنَ وَءَاتَى الْمَالَ عَلَىٰ حُبِّهِۦ ذَوِى الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَٰمَىٰ وَالْمَسَٰكِينَ وَابْنَ السَّبِيلِ وَالسَّآئِلِينَ وَفِى الرِّقَابِ وَأَقَامَ الصَّلَوٰةَ وَءَاتَى الزَّكَوٰةَ وَالْمُوفُونَ بِعَهْدِهِمْ إِذَا عَٰهَدُوا۟ ۖ وَالصَّٰبِرِينَ فِى الْبَأْسَآءِ وَالضَّرَّآءِ وَحِينَ الْبَأْسِ ۗ أُو۟لَٰٓئِكَ الَّذِينَ

*) **Bab Kabecikan**, mirsanana ing „Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

padha temen-temen, lan hiya wong-wong iku wong kang padha taqwa.

صَدَقُوْا وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُتَّقُوْنَ ۝

Laisal birra an tuwalluu wujuuhakum qibalal masyriqi wal maghribi walaakinnal birra man aamana billaahi wal yaumil aakhiri wal malaa-ikati wal kitaabi wan nabiyyiina wa aatal maala 'alaa hubbihii dzawil qurbaa wal yataamaa wal masaakiina wabnassabiili wassaa-iliina wa firriqaab, wa aqaamash sholaata wa aataz zakaata, wal muufuuna bi'ahdihim idzaa 'aahaduu wash shaabiriina fil ba'saa-i wadhdharraa-i wa hiinal ba'si ulaa-ikal ladziina shadaquu wa ulaa-ika humul muttaquun.

178. He wong kang padha iman, sira padha diwajibake[70] males pati tumrap raja pati, wong merdika padha wong merdika, kawula padha kawula, wong wadon padha wong wadon, mangka sing sapa diapura dening sadulure kang dipateni, diwajibake tumrap wong kang ngapura mau njaluk tempuh kalawan aris marang wong kang mateni, lan kang diapura kudu mbayar tempuh marang kang menehi pangapura kalawan becik.Mangkono mau kemayaran lan kamurahan saka Pangerane. Mangka sing sapa ngliwati wates sawuse kang mangkono, wong mau bakal kapatrapan siksa kang nglarani banget.

١٧٨- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الْقِصَاصُ فِى الْقَتْلٰى ۗ اَلْحُرُّ بِالْحُرِّ وَالْعَبْدُ بِالْعَبْدِ وَالْاُنْثٰى بِالْاُنْثٰى ۗ فَمَنْ عُفِىَ لَهٗ مِنْ اَخِيْهِ شَىْءٌ فَاتِّبَاعٌ بِالْمَعْرُوْفِ وَاَدَآءٌ اِلَيْهِ بِاِحْسَانٍ ۗ ذٰلِكَ تَخْفِيْفٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَرَحْمَةٌ ۗ فَمَنِ اعْتَدٰى بَعْدَ ذٰلِكَ فَلَهٗ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu kutiba 'alaikumul qishaashu fil qatlaa, alhurru bil hurri wal 'abdu bil 'abdi wal untsaa bil untsaa, faman 'ufiya lahuu min akhiihi syai-un fattibaa'um bil ma'ruufi wa adaa-un ilaihi bi ihsaan, dzaalika takhfiifum mirrabbikum wa rahmah famani'tadaa ba'da dzaalika falahuu 'adzaabun aliim.

179. Lan tumrap sira kabeh ana ing perkara males pati tumrap raja pati iku jaminan lestarining urip kanggo kowe kabeh, he wong kang padha duwe akal, supaya sira kabeh padha kareksa saka tumindak ala.

١٧٩- وَلَكُمْ فِى الْقِصَاصِ حَيٰوةٌ يّٰٓاُولِى الْاَلْبَابِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُوْنَ ۝

Walakum fil qishaashi hayaatuy yaa ulil albaabi la'allakum tattaquun.

180. Diwajibake tumrap sira kabeh, yen salah sawijinira katekan pati manawa nduwe tetinggalan bandha supaya wasiyat kanggo wong tuwane loro lan marang sanak sedulure sarana adil,[71] iku kuwajiban tumrap wong kang taqwa marang Allah.

١٨٠- كُتِبَ عَلَيْكُمْ اِذَا حَضَرَ اَحَدَكُمُ الْمَوْتُ اِنْ تَرَكَ خَيْرَا ۖ الْوَصِيَّةُ لِلْوَالِدَيْنِ وَالْاَقْرَبِيْنَ بِالْمَعْرُوْفِ ۚ حَقًّا عَلَى الْمُتَّقِيْنَ ۝

Kutiba 'alaikum idzaa hadhara ahadakumul mautu intaraka khairanil washiyyatu lil waalidaini wal aqrabiina bil ma'ruufi haqqan 'alal muttaqiin.

70). **Hukum qishaash** punika hukum males pejah dening putusan pengadilan. Kajawi manawi ahli waris maringi pangapunten, punika cekap bayar gantos karugian sarana enggal-enggal, lan ahli waris sampun ngantos ngroda-peksa nyuwun pembayaran ingkang awrat. Dene manawi bayar diat (gantos rugi) sampun kabayar, ahli waris males mejahi ingkang dipun maafaken, utawi mejahi keluarga sanesipun, punika hukumipun ahli waris ingkang mejahi dipun hukum qishaash.

181. Dene sing sapa bahe sawuse krungu wasiyat mau banjur ngowahi wasiyat mau, mangka dosane tumrap wong kang padha ngowahi, sanyata Allah iku Maha Miyarsa sarta Maha Ngudaneni.

١٨١- فَمَنْ بَدَّلَهُ بَعْدَ مَا سَمِعَهُ فَإِنَّمَآ إِثْمُهُۥ عَلَى ٱلَّذِينَ يُبَدِّلُونَهُۥٓ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ۝

Famam baddalahuu ba'da maa sami'ahuu fa innamaa itsmuhuu 'alalladziina yubaddiluunah, innallaaha samii'un 'aliim.

182. Mangka sing sapa bahe nguwatirake marang wong kang wasiyat tumindak keliru utawa dosa, tumuli dibenakake antarane dheweke, [72] mangka kang mbenakake iku ora dosa; satemene Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٨٢- فَمَنْ خَافَ مِن مُّوصٍ جَنَفًا أَوْ إِثْمًا فَأَصْلَحَ بَيْنَهُمْ ٢٢ ع فَلَآ إِثْمَ عَلَيْهِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Faman khaafa mimmuushin janafan au itsman fa-ashlaha bainahum falaa itsma 'alaih; innallaaha ghafuurur rahiim.

183. He para wong Mu'min, sira padha diwajibake 'ibadah Shiyam,*) kaya kang wus diwajibake tumrap wong-wong biyen sadurungira, supaya sira tambah-tambah anggone taqwa.

١٨٣- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ كُتِبَ عَلَيْكُمُ ٱلصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu kutiba 'alaikumush shiyaamu kamaa kutiba 'alal ladziina min qablikum la'allakum tattaquun.

184. Yaiku ana ing pirang-pirang dina kang wus genah wilangane, dene golonganira kang lagi nandhang lara utawa pinuju lelungan, kena bahe ora Puwasa nanging banjur ngetunga (nyauri) Puwasa ana ing dina liya. Lan tumrap wong kang padha nguwat-nguwatake ngrekasa Puwasa, kena ora Puwasa nanging mbayara fidyah tebusan, yaiku ngingoni wong Miskin. Dene sapa kang gelem ngluwihi kabecikan, sanyata leluwihan mau hiya becik tumrap dheweke. [73] Lan anggonmu padha Puwasa iku luwih becik tamraping sira, manawa sira pancen padha mangerti.

١٨٤- أَيَّامًا مَّعْدُودَٰتٍ ۚ فَمَن كَانَ مِنكُم مَّرِيضًا أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِّنْ أَيَّامٍ أُخَرَ ۚ وَعَلَى ٱلَّذِينَ يُطِيقُونَهُۥ فِدْيَةٌ طَعَامُ مِسْكِينٍ ۖ فَمَن تَطَوَّعَ خَيْرًا فَهُوَ خَيْرٌ لَّهُۥ ۚ وَأَن تَصُومُوا۟ خَيْرٌ لَّكُمْ ۖ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ۝

Ayyaamam ma'duudaat, faman kaana minkum mariidhan au 'alaa safarin fa 'iddatum min ayyaamin ukhar, wa 'alalladziina yuthiiquunahuu fidyatun tha'aamu miskiin faman tathawwa'a khairan fahuwa khairullah, wa an tashuumuu khairullakum inkuntum ta'lamuun.

185. Dina-dina mau yaiku sasi Ramadlan kang kanggo nurunake Al-Quran. Al-Quran iku dadi Pituduh ing para manungsa lan luwih cetha-cethaning Pituduhe Allah lan dadi panyilahing prakara. Mula sira kabeh sapa bahe kang weruh tanggale sasi Ramadlan, banjur Puwasaa. Wondene sapa kang lagi nandhang lara utawa pinuju lelungan banjur ora Puwasa, tumuli ngetunga Puwasa ana ing

١٨٥- شَهْرُ رَمَضَانَ ٱلَّذِىٓ أُنزِلَ فِيهِ ٱلْقُرْءَانُ هُدًى لِّلنَّاسِ وَبَيِّنَٰتٍ مِّنَ ٱلْهُدَىٰ وَٱلْفُرْقَانِ ۚ فَمَن شَهِدَ مِنكُمُ ٱلشَّهْرَ فَلْيَصُمْهُ ۖ وَمَن كَانَ مَرِيضًا أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِّنْ أَيَّامٍ أُخَرَ ۗ يُرِيدُ ٱللَّهُ بِكُمُ

71). **Washiyat** punika boten nglangkungi saprotigan bandhanipun tiyang ingkang badhe pejah.
72). Tegesipun mrayogekaken ingkang washiyat supados adil lan boten nglangkungi wates syari'at.
73). Inggih punika nyukani tetedhan dhateng tiyang miskin langkung saking satunggal sadintenipun.
*) Tembung Shiyam utawi Shaum punika maknanipun pangeker, panyirik utawi panyegah. Bab **SHIYAM**, mirsanana ing „Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

dina liya. Karsaning Allah agawe mayar marang sira lan ora ngarsakake ngrekasa marang sira kabeh. Lan supaya sira padha nyampurnakake wilangane Puwasa mau lan padha ngegungna Allah dene anggone wus paring Pituduh ing sira kabeh lan supaya sira padha syukur.

الْيُسْرَ وَلَا يُرِيدُ بِكُمُ الْعُسْرَ وَلِتُكْمِلُوا الْعِدَّةَ وَلِتُكَبِّرُوا اللَّهَ عَلَىٰ مَا هَدَاكُمْ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ۝

Syahru ramadhaanal ladzii unzila fiihil qur-aanu hudallinnaasi wa bayyinaatim minal hudaa walfurqaan faman syahida minkumusy syahra fal yashumhu waman kaana mariidhan au 'alaa safarin fa'iddatum min ayyaamin ukhar, yuriidullaahu bikumul yusra walaa yuriidu bikumul 'usra wa litukmilul 'iddata wa litukabbirullaaha 'alaa maa hadaakum wala'allakum tasykuruun.

186. Lan manawa kawulaningsun padha pitakon marang sira Muhammad saka Sarira-nIngsun mangka jawaben, Ingsun iku cerak banget. Ingsun minangkani panuwune wong kang padha nenuwun marang Ingsun. Mangka supaya padha nyandikanana netepi dhawuhingsun, lan padha imana marang Ingsun, muga-muga dheweke padha tetep ana ing kabeneran.

١٨٦- وَإِذَا سَأَلَكَ عِبَادِي عَنِّي فَإِنِّي قَرِيبٌ ۖ أُجِيبُ دَعْوَةَ الدَّاعِ إِذَا دَعَانِ ۖ فَلْيَسْتَجِيبُوا لِي وَلْيُؤْمِنُوا بِي لَعَلَّهُمْ يَرْشُدُونَ ۝

Wa idzaa sa-alaka 'ibaadii 'annii fainnii qariib ujiibu da'watad daa'i idzaa da'aani fal yastajiibuu lii wal yu'minuu bii la'alla hum yarsyuduun.

187. Ana ing wengining sasi Shiyam sira padha dihalalake çumbana marang wadon-wadonira. Dheweke iku minangka sandhangan ira, lan sira minangka sandhangan tumrap dheweke. Allah wus Ngawuningani manawa sira padha cidra marang awakira dhewe, mangka Allah karsa nampa tobatira lan Panjenengane paring Pangapura marang sira. Mula saiki sira padha nyampurana wadon-wadonira lan padha ngupayaa barang kang wus padha diwajibake dening Allah marang sira. Sira padha mangana lan ngombea nganti cetha tumrap sira bolah kang putih saka bolah kang ireng, yaiku waktu fajar. Tumuli padha sampurnakna Puwasa nganti wayah bengi. Nanging sira aja padha nyampuri wadon-wadonira nalika sira padha i'tikaf [73] ana sajeroning masjid, mangka iku laranganing Allah, sira aja nganti nyeraki. Mangkono mau Allah paring katerangan ayat-ayate marang para manungsa, supaya dheweke taqwa rumeksa saka tindak ala.

١٨٧- أُحِلَّ لَكُمْ لَيْلَةَ الصِّيَامِ الرَّفَثُ إِلَىٰ نِسَائِكُمْ ۚ هُنَّ لِبَاسٌ لَكُمْ وَأَنْتُمْ لِبَاسٌ لَهُنَّ ۗ عَلِمَ اللَّهُ أَنَّكُمْ كُنْتُمْ تَخْتَانُونَ أَنْفُسَكُمْ فَتَابَ عَلَيْكُمْ وَعَفَا عَنْكُمْ ۖ فَالْآنَ بَاشِرُوهُنَّ وَابْتَغُوا مَا كَتَبَ اللَّهُ لَكُمْ ۚ وَكُلُوا وَاشْرَبُوا حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَكُمُ الْخَيْطُ الْأَبْيَضُ مِنَ الْخَيْطِ الْأَسْوَدِ مِنَ الْفَجْرِ ۖ ثُمَّ أَتِمُّوا الصِّيَامَ إِلَى اللَّيْلِ ۚ وَلَا تُبَاشِرُوهُنَّ وَأَنْتُمْ عَاكِفُونَ فِي الْمَسَاجِدِ ۗ تِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ فَلَا تَقْرَبُوهَا ۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ اللَّهُ آيَاتِهِ لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ۝

Uhilla lakum lailatash shiyaamir rafatsu ilaa nisaa-ikum hunna libaasul lakum wa antum libaasul lahunna, 'alimal laahu annakum kuntum takhtaanuuna anfusakum fataaba 'alaikum wa 'afaa 'ankum, fal aana baasyiruu hunna wabtaghuu maa kataballaahu lakum wa kuluu wasyrabuu hattaa yatabayyana lakumul khaitul abyadhu minal khaitil aswadi minal fajri,

73). Wonten salebeting Masjid niyat muhung kerana Allah dhedhepe sarta istighfar dhumateng Allah, utawi i'tikaf sarana tafakur, utawi maos Quraan.

tsumma atimmush shiyaama ilal laili wa laa tubaasyiruu hunna wa antum 'aakifuuna fil masaajidi tilka huduudallaahi falaa taqrabuuhaa kadzaalika yubayyinullaahu aayaatihii linnaasi la'allahum yattaquun.

188. Lan sira aja padha mangan bandhane kancanira kalawan batal, lan sira aja padha menehi besel kalawan bandha mau marang pangadilan, kang pamrihe supaya sira oleh pangan sabageyan bandhaning liyan sarana tumindak dosa, ing mangka sira kabeh padha ngerti.

١٨٨ وَلَا تَأْكُلُوٓا أَمْوَالَكُم بَيْنَكُم بِالْبَٰطِلِ وَتُدْلُوا بِهَآ
إِلَى الْحُكَّامِ لِتَأْكُلُوا فَرِيقًا مِّنْ أَمْوَالِ النَّاسِ بِالْإِثْمِ
ع ٢٣ وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ٥ ٤

Walaa ta'kuluu amwaalakum bainakum bilbaathili wa tudluu bihaa ilal hukkaami lita'kuluu fariiqam min amwaalinnaasi bil itsmi wa antum ta'lamuun.

189. Para manungsa padha pitakon ing sira Muhammad ing perkara Wulan Tumanggal. Dhawuha Muhammad: „Tanggal iku tandha-tandha waktu tumrap kaperluane manungsa, lan kanggo tenger 'ibadat Hajji". Lan dudu kang aran becik manawa sira mlebu omah saka mburi,[74] nanging kang aran kabecikan iku manawa sira padha taqwa ing Allah, lan padha mlebu omah metu lawang, sarta padha wedia ing Allah supaya sira begja.

١٨٩ يَسْـَٔلُونَكَ عَنِ الْأَهِلَّةِ ۖ قُلْ هِىَ مَوَٰقِيتُ لِلنَّاسِ
وَالْحَجِّ ۗ وَلَيْسَ الْبِرُّ بِأَن تَأْتُوا الْبُيُوتَ مِن ظُهُورِهَا
وَلَٰكِنَّ الْبِرَّ مَنِ اتَّقَىٰ ۚ وَأْتُوا الْبُيُوتَ مِنْ أَبْوَٰبِهَا ۚ
وَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ٥

Yas-aluunaka 'anil ahillah, qul hiya mawaaqiitu linnaasi wal hajji, walaisal birru bi anta'tul buyuuta min dhuhuurihaa walaakinnal birra manittaqaa wa'tul buyuuta min abwaabihaa wattaqullaaha la'allakum tuflihuun.

190. Lan sira padha peranga angrungkebi dedalaning Allah merangi wong kang padha merangi ing sira, lan sira aja padha ngliwati wates, sabab sanyata Allah iku ora remen marang wong kang ngliwati wates.

١٩٠ وَقَٰتِلُوا فِى سَبِيلِ اللَّهِ الَّذِينَ يُقَٰتِلُونَكُمْ وَلَا
تَعْتَدُوٓا ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْمُعْتَدِينَ ٥

Wa qaatiluu fii sabiilillaahil ladziina yuqaatiluunakum walaa ta'taduu innallaaha laa yuhibbul mu'tadiin.

191. Lan sira padha merangana wong-wong mau ana ngendi bahe sira ketemu ing dheweke, lan sira padha nundhunga dheweke saka panggonan kang dheweke biyen nundhung ing sira kabeh. Dene sajatine fitnah iku[75] luwih ala tinimbang perang-mateni. Lan sira aja padha merangi wong mau ana sajeroning Masjidil-Haram, kajaba yen dheweke iku merangi luwih dhisik marang sira ana ing kono uga. Dene yen dheweke padha merangi ing sira banjur perangana. Kang

١٩١ وَاقْتُلُوهُمْ حَيْثُ ثَقِفْتُمُوهُمْ وَأَخْرِجُوهُم مِّنْ
حَيْثُ أَخْرَجُوكُمْ ۚ وَالْفِتْنَةُ أَشَدُّ مِنَ الْقَتْلِ ۚ وَ
لَا تُقَٰتِلُوهُمْ عِندَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ حَتَّىٰ يُقَٰتِلُوكُمْ
فِيهِ ۖ فَإِن قَٰتَلُوكُمْ فَاقْتُلُوهُمْ ۗ كَذَٰلِكَ جَزَآءُ الْكَٰفِرِينَ ٥

Waqtuluuhum haitsu tsaqiftumuuhum wa akhrijuuhum min haitsu akhrajuu-

74). Sabab tumurunipun ayat punika saking kebiasaan zaman Jahiliyah manawi pinuju ihram wekdal Haji manawi mlebet griya saking wingking, dening Rasulullah s.a.w. dipun dhawuhi supados saking ngajeng.

75). Tindak awon fitnah umpami, nundhung sadherek piyambak, ngrampok kapal nggegana, ngrubeda kamardikan nindakaken kayakinan Agama.

mangkono iku piwales tumrap wong kafir.

kum, wal fitnatu asyaddu minal qatli, walaa tuqaatiluu hum 'indal masjidil haraami hattaa yuqaatiluukum fiih, fa-in qaataluukum faqtuluuhum kadzaalika jazaa-ul kaafiriin.

192. Dene manawa dheweke padha gelem leren, sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٩٢- فَإِنِ انْتَهَوْا فَإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Fa inin tahau fa innallaaha ghafuurur rahiim.

193. Lan sira padha merangana wong-wong mau nganti ora ana fitnah maneh, lan nganti dadi mantep Agama iku mung marang Allah piyambak, ananging manawa wong mau padha gelem leren, ing kono wus ora ana sesatron maneh kajaba mung marang kang padha nganiaya.

١٩٣- وَقَاتِلُوهُمْ حَتَّىٰ لَا تَكُونَ فِتْنَةٌ وَيَكُونَ الدِّينُ لِلَّهِ فَإِنِ انْتَهَوْا فَلَا عُدْوَانَ إِلَّا عَلَى الظَّالِمِينَ ۝

Waqaatiluu hum hatta laa takuuna fitnatuw wayakuunad diinu lillaahi fa ininntahau falaa 'udwaana illaa 'alazh zhaalimiin.

194. Sasi Haram iku diganti uga kalawan sasi Haram,[76] lan wewales iku barang kang dimulyakake.[77] Jalaran saka iku manawa dheweke padha munasika marang sira, mangka sira malesa munasika marang dheweke kaya anggone dheweke wus munasika marang sira. Lan sira padha taqwa dhedhepe ing Allah, lan padha weruha manawa Allah iku Anartani marang wong kang padha wedi ing PanjenengaNe.

١٩٤- الشَّهْرُ الْحَرَامُ بِالشَّهْرِ الْحَرَامِ وَالْحُرُمَاتُ قِصَاصٌ فَمَنِ اعْتَدَىٰ عَلَيْكُمْ فَاعْتَدُوا عَلَيْهِ بِمِثْلِ مَا اعْتَدَىٰ عَلَيْكُمْ وَاتَّقُوا اللَّهَ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ مَعَ الْمُتَّقِينَ ۝

Asysyahrul haraamu bisysyahril haraami wal hurumaatu qishaash, famani'tadaa 'alaikum fa'taduu 'alaihi bimitsli ma'tadaa 'alaikum wattaqullaaha wa'lamuu annallaaha ma'al muttaqiin.

195. Lan sira padha nanjakna bandhanira ana ing dedalaning Allah, lan sira aja padha nibakake tanganira ana ing karusakan, lan sira tansah padha gaweya kabecikan, sanyata Allah iku remen marang wong kang padha tumindak becik.

١٩٥- وَأَنْفِقُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَلَا تُلْقُوا بِأَيْدِيكُمْ إِلَى التَّهْلُكَةِ وَأَحْسِنُوا إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ ۝

Wa anfiquu fii sabiilillaahi walaa tulquu bi aidiikum ilat tahlukah wa ahsinuu innallaaha yuhibbul muhsiniin.

196. Lan sira padha nyampurnakna 'ibadah Hajji lan 'Umrah karana Allah, ananging manawa ana alangan mungsuh, mangka cukup supaya nyembeleha qurban sabisane. Lan sira aja padha nyukur rambut sirah-sirahira, nganti qurbane tumeka ing panggonane mbeleh. Dene sing sapa saka sira ana kang pinuju nandhang lara utawa sirahe ana lelarane, wajib tumrap wong mau bayar fidyah, yaiku nindakake Puwasa utawa aweh sedhekah

١٩٦- وَأَتِمُّوا الْحَجَّ وَالْعُمْرَةَ لِلَّهِ فَإِنْ أُحْصِرْتُمْ فَمَا اسْتَيْسَرَ مِنَ الْهَدْيِ وَلَا تَحْلِقُوا رُءُوسَكُمْ حَتَّىٰ يَبْلُغَ الْهَدْيُ مَحِلَّهُ فَمَنْ كَانَ مِنْكُمْ مَرِيضًا أَوْ بِهِ أَذًى مِنْ رَأْسِهِ فَفِدْيَةٌ مِنْ صِيَامٍ أَوْ صَدَقَةٍ أَوْ نُسُكٍ فَإِذَا أَمِنْتُمْ فَمَنْ تَمَتَّعَ بِالْعُمْرَةِ إِلَى الْحَجِّ فَمَا اسْتَيْسَرَ مِنَ

76). Manawi kapeksa dipun tempuh mengsah ing wulan Haram kenging dipun wales wulan-wulan Haram punika ugi.

77). Inggih punika wulan **Zulkaedah, Zulhijjah, Muharram,** lan **Rajab;** siti haram inggih punika **Mekkah,** lan **Ihram.**

utawa qurban. Dene manawa sira wus pulih tentrem-aman, mangka sapa wonge enak-enak kalawan 'ibadah 'Umrah sahingga waktu 'ibadah Hajji, wajib tumrap wong mau mbayar fidyah arupa qurban kalawan sabisane. Mangka sing sapa ora qurban, wajib Puwasa telung dina ana ing sajeroning mangsa Hajji lan pitung dina manawa wus mulih, yaiku kanggo sampurnane genep sepuluh dina. Kang mangkono mau tumrap wong kang dudu pendhudhuk Masjidil-Haram, lan sira padha wediya marang Allah, lan sira padha mangertia manawa Allah iku abot banget panyiksane.

الْهَدْيِ ۚ فَمَنْ لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ ثَلٰثَةِ اَيَّامٍ فِى الْحَجِّ
وَسَبْعَةٍ اِذَا رَجَعْتُمْ ۗ تِلْكَ عَشَرَةٌ كَامِلَةٌ ۗ ذٰلِكَ لِمَنْ
لَّمْ يَكُنْ اَهْلُهٗ حَاضِرِى الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۗ وَاتَّقُوا اللّٰهَ
وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ۝ ع ٤

Wa atimmul hajja wal 'umrata lillaahi fa-in uhshirtum famastaisara minal hadyi, walaa tahliquu ru-uusakum hattaa yablughal hadyu mahillah, faman kaana minkum mariidhan au bihii adzam mirra'sihii fafidyatum min shiyaamin au shadaqatin au nusuk, fa idzaa amintum faman tamatta'a bil 'umrati ilal hajji famastaisara minal hadyi famal lam yajid fashiyaamu tsalaatsati ayyaamin fil hajji wa sab'atin idzaa raja'tum tilka 'asyaratun kaamilah, dzaalika limal lam yakun ahluhuu haadhiril masjidil haraam, wattaqullaaha wa'lamuu annallaaha syadiidul 'iqaab.

197. Mangsa Hajji iku ana sasi-sasi kang wus katamtokake, yaiku Syawwal, Dzul-qa'dah, lan Dzul-hijjah. Mangka sing sapa pinuju nindakake Hajji ana ing mangsa iku, ora kena cumbana lan ora kena pepadon ana sajerone nindakake Hajji. Dene kabecikan kang padha sira tindakake iku Allah Ngawuningani. Lan sira padha sasangua, mangka sanyata becik-beciking sangu iku taqwa marang Allah, 78) he wong kang padha duwe akal, sira padha wedia marang Ingsun.

١٩٧ اَلْحَجُّ اَشْهُرٌ مَّعْلُوْمٰتٌ ۚ فَمَنْ فَرَضَ فِيْهِنَّ الْحَجَّ
فَلَا رَفَثَ وَلَا فُسُوْقَ ۙ وَلَا جِدَالَ فِى الْحَجِّ ۗ وَمَا
تَفْعَلُوْا مِنْ خَيْرٍ يَّعْلَمْهُ اللّٰهُ ۗ وَتَزَوَّدُوْا فَاِنَّ خَيْرَ
الزَّادِ التَّقْوٰى ۗ وَاتَّقُوْنِ يٰٓاُولِى الْاَلْبَابِ ۝

Alhajju asyhurum ma'luumaatun faman faradha fiihinnal hajja falaa rafatsa walaa fusuuqa walaa jidaala fil hajji wamaa taf'aluu min khairiy ya'lam hullaahu watazawwaduu fa inna khairaz zaadit taqwaa, wattaquuni yaa ulil albaab.

198. Ora dosa tumrap sira ing sajerone 'ibadah Hajji padha ngupaya kanugrahane Pangeranira lumantar hasil dedagangan, mangka sira padha bali saka gumuk Arafah, tumuli padha nyebuta asmaning Allah ana ing sandhinge gunung Masy'aril Haram, 79) Muzdalifah, lan sira padha elinga marang PanjenengaNe, kaya anggone wus nuduhake marang sira, nadyan ing sadurunge iku, sira kabeh kalebu golongane wong kang padha kasasar.

١٩٨ لَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ اَنْ تَبْتَغُوْا فَضْلًا مِّنْ رَّبِّكُمْ ۗ
فَاِذَآ اَفَضْتُمْ مِّنْ عَرَفٰتٍ فَاذْكُرُوا اللّٰهَ عِنْدَ الْمَشْعَرِ
الْحَرَامِ ۖ وَاذْكُرُوْهُ كَمَا هَدٰىكُمْ ۚ وَاِنْ كُنْتُمْ مِّنْ
قَبْلِهٖ لَمِنَ الضَّآلِّيْنَ ۝

Laisa 'alaikum junaahun an tabtaghuu fadhlam mirrabbikum fa idzaa afadhtum min 'arafaatin fadzkurullaaha 'indal masy'aril haraam wadzkuruuhu kamaa

78). **Taqwa wonten ing bab Hajji ateges anjagi sampun ngantos tumindak nistha, utawi nyuwun-nyuwun sarta andremis, wonten salebetipun lumampah ngibadah Hajji. Sabab kuwajiban Hajji kedah cekap sangu mlampah-mantuk.**

79). **Wonten pareden Quzah ing Muzdalifah, saderengipun dumugi Mina.**

hadaakum wa inkuntum min qablihii laminadh dhaalimiin.

199. Tumuli sira padha mudhuna saka Arafah, bebarengan wong kang padha mudhun, lan sira padha nenuwuna pangapura marang Allah, sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٩٩. ثُمَّ أَفِيضُوا مِنْ حَيْثُ أَفَاضَ النَّاسُ وَاسْتَغْفِرُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Tsumma afiidhuu min haitsu afaadhannaasu wastaghfirullaaha innallaaha ghafuururrahiim.

200. Mangka manawa sira wus rampung anggonira padha nindakake 'ibadah Hajji, sira banjur padha elinga marang Allah,[80] kaya anggonira padha eling marang Bapak-Bapakira, kapara ngluwihi. Saweneh ana wong kang nenuwun: ,,Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring ing kita sadaya kasaenan wonten ing Donya ngriki". Lan besuk ana ing Akherat wong mau ora bakal nampa panduman kabegjan.

٢٠٠. فَإِذَا قَضَيْتُمْ مَنَاسِكَكُمْ فَاذْكُرُوا اللَّهَ كَذِكْرِكُمْ آبَاءَكُمْ أَوْ أَشَدَّ ذِكْرًا ۗ فَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَقُولُ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا وَمَا لَهُ فِي الْآخِرَةِ مِنْ خَلَاقٍ ۝

Fa idzaa qadhaitum manaasikakum fadzkurullaaha kadzikrikum aabaa-ukum au asyadda dzikraa, faminan naasi may yaquulu rabbanaa aatinaa fiddunyaa wamaa lahuu fil aakhirati min khalaaq.

201. Lan ana maneh sawenehe wong kang nenuwun: ,,Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring ing kita sadaya kasaenan wonten ing Donya ngriki, tuwin kasaenan benjing wonten ing Akherat, saha mugi Paduka karsa rumeksa ing kita saking siksaning Neraka".

٢٠١. وَمِنْهُمْ مَنْ يَقُولُ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ ۝

Wa minhum may yaquulu rabbanaa aatinaa fiddunyaa hasanah, wa fil aakhirati hasanah waqinaa 'adzaabannaar.

202. Wong kang mangkono mau padha oleh bageyan saka barang kang wus padha ditindakake, lan Allah iku rikat banget ing pangetunge.

٢٠٢. أُولَٰئِكَ لَهُمْ نَصِيبٌ مِمَّا كَسَبُوا ۚ وَاللَّهُ سَرِيعُ الْحِسَابِ ۝

Ulaa-ika lahum nashiibum mimmaa kasabuu wallaahu sarii'ul hisaab.

203. Lan sira padha dzikira sarana nyebut as naning Allah ana ing dina kang wus genah w langane. Mangka sing sapa age-age budhal saka Mina ing dina kang kapindho, wong mau ora kapatrapan dosa,[81] lan sing sapa ngereni uga ora kapatrapan dosa, tumrap wong kang taqwa ing Allah. Sira padha wediya marang Allah, lan sira padha mangertiya manawa sira kabeh iku bakal padha disowanake ana ngarsaning PanjenengaNe.

٢٠٣. وَاذْكُرُوا اللَّهَ فِي أَيَّامٍ مَعْدُودَاتٍ ۚ فَمَنْ تَعَجَّلَ فِي يَوْمَيْنِ فَلَا إِثْمَ عَلَيْهِ ۚ وَمَنْ تَأَخَّرَ فَلَا إِثْمَ عَلَيْهِ ۚ لِمَنِ اتَّقَىٰ ۗ وَاتَّقُوا اللَّهَ وَاعْلَمُوا أَنَّكُمْ إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ۝

Wadzkurullaaha fii ayyaamim ma'duudaat, faman ta'ajjala fii yaumaini falaa itsma 'alaih, waman ta-akhkhara falaa itsma 'alaihi limanittaqaa, wattaqullaaha wa'lamuu annakum ilaihi tuhsyaruun.

80). Adat zaman Jahiliyah ba'da ibadah Hajji, lajeng sami umuk-umukan trah katurunanipun, zaman Islam dipun gantos dzikir, tegesipun muji syukur dene ibadahipun Hajji saged rampung wilujeng, mugi-mugi dadosa Hajji ingkang Mabrur, amin!

81). Ingkang utami ibadah Hajji punika anggenipun kesah saking Mina wekdal sonten dintening akhir dinten tasyrik, dene ngersakaken kesah saking Mina dinten ingkang kaping kalih inggih kenging.

204. Lan ana sawenehe wong kang rembuge perkara panguripan Donya anggumunake atinira Muhammad, lan dheweke andadekake Allah dianggo saksi ing barang kang ana sajeroning atine, nanging mangertiya sanyata wong iku ala-alaning mungsuh tumrap wong wong Mu'min.

٢٠٤ـ وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يُّعْجِبُكَ قَوْلُهٗ فِى الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَيُشْهِدُ اللّٰهَ عَلٰى مَا فِىْ قَلْبِهٖ وَهُوَ اَلَدُّ الْخِصَامِ ۝

Wa minannaasi may yu'jibuka qauluhuu fil hayaatid dunyaa wa yusyhidullaaha 'alaa maa fii qalbihii wahuwa aladdul khishaam.

205. Lan manawa wong mau wus lunga adoh saka sira, dheweke banjur padha tumindak gawe rusak ana ing Bumi, ngrusak tetanduran lan turunan, Allah iku ora remen marang karusakan. 82)

٢٠٥ـ وَاِذَا تَوَلّٰى سَعٰى فِى الْاَرْضِ لِيُفْسِدَ فِيْهَا وَيُهْلِكَ الْحَرْثَ وَالنَّسْلَ ۗ وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ الْفَسَادَ ۝

Wa idzaa tawallaa sa'aa fil ardhi liyufsida fiihaa wa yuhlikal hartsa wan nasla wal laahu laa yuhibbul fasaad.

206. Lan ing nalika wong mau padha didhawuhi: ,,Sira padha wediya marang Allah'', nalika iku uga dheweke kagawa dening gumedhene marang tumindak dosa, mulane wong mau cukup kacemplungake ing Neraka Jahanam, yaiku ala-alaning lemek panggonan.

٢٠٦ـ وَاِذَا قِيْلَ لَهُ اتَّقِ اللّٰهَ اَخَذَتْهُ الْعِزَّةُ بِالْاِثْمِ فَحَسْبُهٗ جَهَنَّمُ ۗ وَلَبِئْسَ الْمِهَادُ ۝

Wa idzaa qiila lahuttaqil laaha akhadzat hul 'izzatu bil itsmi fahasbuhuu jahannamu walabi'sal mihaad.

207. Lan sawenehing manungsa maneh ana kang ngedol awake karana golek Karidlaning Allah, lan Allah iku Maha Welas marang kawulane.

٢٠٧ـ وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّشْرِىْ نَفْسَهُ ابْتِغَآءَ مَرْضَاتِ اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ رَءُوْفٌ بِالْعِبَادِ ۝

Wa minannaasi may yasyrii nafsahub tighaa-a mardhaatillaahi wallaahu ra-uufum bil 'ibaad.

208. He para wong Mu'min, sira padha mlebua ing Islam sarana ngestokake kabeh dhawuhing Allah, lan sira aja padha manut tindaking syetan, sanyata syetan iku mungsuh bebuyutan kang tetela, marang sira kabeh.

٢٠٨ـ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا ادْخُلُوْا فِى السِّلْمِ كَآفَّةً ۖ وَلَا تَتَّبِعُوْا خُطُوٰتِ الشَّيْطٰنِ ۗ اِنَّهٗ لَكُمْ عَدُوٌّ مُّبِيْنٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanud khuluu fissilmi kaaffah, walaa tattabi'uu khuthuwaatisy syaithaani innahuu lakum 'aduwwum mubiin.

209. Mangka manawa sira kabeh padha nyimpang sawuse teka sakabehing tandha yekti marang sira, sira kabeh padha mangerti manawa Allah iku Maha Gagah-Prakosa sarta Maha Wicaksana.

٢٠٩ـ فَاِنْ زَلَلْتُمْ مِّنْ بَعْدِ مَا جَآءَتْكُمُ الْبَيِّنٰتُ فَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ۝

Fa-in zalaltum mim ba'di maa jaa-at kumul bayyinaatu fa'lamuu annallaaha 'aziizun hakiim.

82). Ungkapan punika sanepanipun tiyang ingkang tansah damel kisruhipun tiyang Mu'min, warni-warni intimidasi sarta infiltrasi dipun tamakaken supados tiyang ingkang sampun iman saged goncang malih.

210. Wong-wong mau ora padha ngenteni, kajaba tekaning siksane Allah lan Malaikat ing dina Qiyamat, ana eyubing mendhung[83] sarta wus dirampungi kabeh perkara, lan ana ngarsaning Allah kabeh perkara diunjukake.

٢١٠ـ هَلْ يَنْظُرُوْنَ اِلَّآ اَنْ يَّاْتِيَهُمُ اللّٰهُ فِيْ ظُلَلٍ مِّنَ الْغَمَامِ وَالْمَلٰٓئِكَةُ وَقُضِيَ الْاَمْرُ ۭ وَاِلَى اللّٰهِ تُرْجَعُ الْاُمُوْرُ ۝

Hal yanzhuruuna illaa ayya'tiya humullaahu fii zhulalim minal ghamaami wal malaa-ikatu wa qudhiyal amru wa ilallaahi turja'ul umuur.

211. He Muhammad, pitakona marang wong Bani Israil, wus kaping pira Ingsun nekakake ayat tandha yekti marang wong-wong iku?. Lan sapa wong kang angganti kani'mataning Allah sawuse kani'matan iku[84] teka marang dheweke, mangka sanyata siksaning Allah iku luwih abot.

٢١١ـ سَلْ بَنِيْٓ اِسْرَاۗءِيْلَ كَمْ اٰتَيْنٰهُمْ مِّنْ اٰيَةٍۢ بَيِّنَةٍ ۭ وَمَنْ يُّبَدِّلْ نِعْمَةَ اللّٰهِ مِنْۢ بَعْدِ مَا جَاۗءَتْهُ فَاِنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ۝

Sal banii israa-iila kam aatainaahum min aayatim bayyinah, wa may yubaddil ni'matallaahi mim ba'di maa jaa-at hu fa innallaaha syadiidul 'iqaab.

212. Tumrap wong kafir, direngga-rengga panguripan Donya, lan dheweke padha anggeguyu-nyepelekake marang wong Mu'min, dene wong kang padha taqwa ing Allah, besuk dina Qiyamat bakal luwih mulya ngungkuli tinimbang wong kafir mau, sarta Allah iku paring rezeki tanpa petungan marang wong kang dadi kaparenging karsane.

٢١٢ـ زُيِّنَ لِلَّذِيْنَ كَفَرُوا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا وَيَسْخَرُوْنَ مِنَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۘ وَالَّذِيْنَ اتَّقَوْا فَوْقَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۭ وَاللّٰهُ يَرْزُقُ مَنْ يَّشَاۗءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ۝

Zuyyina lilladziina kafarul hayaatuddunyaa wa yaskharuuna minal ladziina aamanuu wal ladziinat taqau fauqahum yaumal qiyaamah, wallaahu yarzuqu may yasyaa-u bighairi hisaab.

213. Manungsa iku asale ummat-siji kang tunggal, Allah banjur ngarsakake ngutus para andika Nabi kang padha ambebungah lan memedeni, lan PanjenengaNe uga wus nurunake Al Kitab marang para Nabi mau kalawan bener, supaya kanggo mutusi perkara, kang padha dadi pasulayan ing perkara mau, ana antarane masyarakating manungsa. Lan ora bakal pasulayan ana ing Kitab mau, kajaba wong kang wus diparingi Kitab, yaiku sawuse ana tandha yekti kang teka marang dheweke, tumuli padha drengki ing antarane wong mau. Mangka Allah kalayan idziNe, nuduhake marang wong Mu'min ing kabeneran kang padha dipasulayakake, lan Allah

٢١٣ـ كَانَ النَّاسُ اُمَّةً وَّاحِدَةً ۠ فَبَعَثَ اللّٰهُ النَّبِيّٖنَ مُبَشِّرِيْنَ وَمُنْذِرِيْنَ ۠ وَاَنْزَلَ مَعَهُمُ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ لِيَحْكُمَ بَيْنَ النَّاسِ فِيْمَا اخْتَلَفُوْا فِيْهِ ۭ وَمَا اخْتَلَفَ فِيْهِ اِلَّا الَّذِيْنَ اُوْتُوْهُ مِنْۢ بَعْدِ مَا جَاۗءَتْهُمُ الْبَيِّنٰتُ بَغْيًۢا بَيْنَهُمْ ۚ فَهَدَى اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لِمَا اخْتَلَفُوْا فِيْهِ مِنَ الْحَقِّ بِاِذْنِهٖ ۭ وَاللّٰهُ يَهْدِيْ مَنْ يَّشَاۗءُ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Kaanan naasu ummataw waahidah, fa-

83). Eyubing mendhung punika murugaken deresing jawah, ingkang ateges rahmating Pangeran, ananging jebulipun sanes rahmat, malah siksaning Pangeran ingkang dhateng!

84). **Kani'mataning Allah** inggih punika piwulang sarta dhawuh-dhawuhing Allah.

nuduhake wong kang dadi kaparenging karsaNe marang dalan kang jejeg.

ba'atsallaahun nabiyyiina mubasysyiriina wa mundziriina wa anzala ma'ahumul kitaaba bil haqqi liyahkuma bainan naasi fiimakh talafuu fiihi, wa makhtalafa fiihi illal ladziina uutuuhu mim ba'di maa jaa-at humul bayyinaatu baghyam bainahum, fahadallaahul ladziina aamanuu limakhtalafuu fiihi minal haqqi bi-idznih, wallaahu yahdii may yasyaa-u ilaa shiraathim mustaqiim.

214. Apa sira kabeh padha duwe kira, manawa sira iku bakal padha mlebu ing Suwarga? Ing mangka sira iku durung tau nandhang coba kaya kang wus kasandhang dening wong kang sadurungira, wong mau padha kataman ing susah lan sangsara, sarta padha bingung atine, nganti Rasul lan para wong Mu'min padha ngucap prihatin: ,,Besuk kapan ta Allah paring pitulung iku?''. Dhawuhing Allah: ,,Ngertia, manawa Pitulunging Allah iku cerak''.

٢١٤ اَمْ حَسِبْتُمْ اَنْ تَدْخُلُوا الْجَنَّةَ وَلَمَّا يَاْتِكُمْ مَّثَلُ الَّذِيْنَ خَلَوْا مِنْ قَبْلِكُمْ مَسَّتْهُمُ الْبَاْسَآءُ وَالضَّرَّآءُ وَزُلْزِلُوْا حَتّٰى يَقُوْلَ الرَّسُوْلُ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَعَهٗ مَتٰى نَصْرُ اللّٰهِ اَلَآ اِنَّ نَصْرَ اللّٰهِ قَرِيْبٌ ۝

Am hasibtum an tadkhulul jannáta walammaa ya'tikum matsalul ladziina khalau min qablikum massat humul ba'saa-u wadhdharraa-u wa zulziluu hattaa yaquular rasuulu walladziina aamanuu ma'ahuu mataa nashrullaah, alaa inna nashrallaahi qariib.

215. Dheweke padha pitakon marang sira Muhammad, perkara tumanjaning bandha kang dinafakahake. Dhawuha sira Muhammad: ,,Bandha kang sira nafakahake iku kudu diwenehake marang Ibu-Bapa, sanak sedulur, bocah-bocah yatim, wong miskin, lan wong-wong kang pinuju lelungan kentekan sangu. Dene sadhengah kabecikan kang padha sira tindakake iku satemene Allah Maha Ngawuningani marang kabecikan mau''.

٢١٥ يَسْـَٔلُوْنَكَ مَاذَا يُنْفِقُوْنَ ۗ قُلْ مَآ اَنْفَقْتُمْ مِّنْ خَيْرٍ فَلِلْوَالِدَيْنِ وَالْاَقْرَبِيْنَ وَالْيَتٰمٰى وَالْمَسٰكِيْنِ وَابْنِ السَّبِيْلِ ۗ وَمَا تَفْعَلُوْا مِنْ خَيْرٍ فَاِنَّ اللّٰهَ بِهٖ عَلِيْمٌ ۝

Yas-aluunaka maadzaa yunfiquun, qul maa anfaqtum min khairin falilwaalidaini wal aqrabiina wal yataama wal masaakiini wabnis sabiil, wamaa taf'aluu min khairin fa innallaaha bihii 'aliim.

Hukum perang

216. Diwajibake tumrap sira kabeh perang, kang mangka perang iku tumrap sira kabeh anggethingake. Ngertia, terkadhang barang kang sira gethingi iku becik tumrap sira, lan terkadhang barang kang sira dhemeni, malah ala tembe burine tumrap sira, Allah iku Ngawuningani, dene sira ora padha mangerti.

٢١٦ كُتِبَ عَلَيْكُمُ الْقِتَالُ وَهُوَ كُرْهٌ لَّكُمْ ۚ وَعَسٰٓى اَنْ تَكْرَهُوْا شَيْـًٔا وَّهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ وَعَسٰٓى اَنْ تُحِبُّوْا شَيْـًٔا وَّهُوَ شَرٌّ لَّكُمْ ۗ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ وَاَنْتُمْ لَا تَعْلَمُوْنَ ۝ ع ٢

Kutiba 'alaikumul qitaalu wa huwa kurhul lakum wa 'asaa an takrahuu syai-an wa huwa khairullakum wa 'asaa an tuhibbuu syai-an wa huwa syarrul lakum, wallaahu ya'lamu wa antum laa ta'lamuun.

217. Dheweke padha takon ing sira Muhammad, perkara perang ana ing sasi Haram.

٢١٧ يَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ الشَّهْرِ الْحَرَامِ قِتَالٍ فِيْهِ ۗ قُلْ قِتَالٌ

Dhawuha sira Muhammad: ,,Perang ana ing sasi Haram iku dosa gedhe; ananging ngalang-alangi wong saka dedalaning Allah, lan kafir marang PanjenengaNe, lan gawe reka ngedohake wong saka Masjidil Haram, lan nundhung wong ahli Masjidil Haram saka sakiwa tengene kono, iku luwih gedhe banget dosane mungguhing Allah. Dene fitnah[85] iku dosane uga luwih gedhe tinimbang perang blak-blakan. Lan ora uwis-uwis wong kafir padha merangi sira kabeh, sabisa-bisa nganti murtadake sira kabeh saka Agamanira Islam. Dene sira kabeh sapa kang murtad saka Agamane banjur mati lan dheweke mau kafir, sanyata dheweke mau lebur-muspra amal-amale kabecikan ana ing Donya lan Akherat. Lan dheweke mau bakal dadi kancane Neraka, ana ing kono padha langgeng.

فِيْهِ قُلْ قِتَالٌ فِيْهِ كَبِيْرٌ ۗ وَصَدٌّ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَكُفْرٌ بِهٖ وَ
الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ وَاِخْرَاجُ اَهْلِهٖ مِنْهُ اَكْبَرُ عِنْدَ
اللّٰهِ ۚ وَالْفِتْنَةُ اَكْبَرُ مِنَ الْقَتْلِ ۗ وَلَا يَزَالُوْنَ
يُقَاتِلُوْنَكُمْ حَتّٰى يَرُدُّوْكُمْ عَنْ دِيْنِكُمْ اِنِ اسْتَطَاعُوْا ۗ
وَمَنْ يَّرْتَدِدْ مِنْكُمْ عَنْ دِيْنِهٖ فَيَمُتْ وَهُوَ كَافِرٌ
فَاُولٰٓئِكَ حَبِطَتْ اَعْمَالُهُمْ فِى الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ ۚ وَاُولٰٓئِكَ
اَصْحٰبُ النَّارِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Yas-aluunaka 'anisy syahril haraami qitaalin fiih, qul qitaalun fiihi kabiir, wa shaddun 'an sabiilillaahi wa kufrum bihii wal masjidil haraami wa ikhraaju ahlihii minhu akbaru 'indallaah, wal fitnatu akbaru minal qatli walaa yazaaluuna yuqaatiluunakum hattaa yarudduukum 'an diinikum inistathaa'uu wamay yartadid min kum 'an diinihii fayamut wahua kaafirun fa ulaa-ika habithat a'maaluhum fiddunyaa wal aakhirah, wa ulaa-ika ash-haabun naari hum fiihaa khaaliduun.

218. Dene wong kang padha gelem Iman lan padha gelem Hijrah (pindah) lan padha gelem labuh ing Agamaning Allah, sanyata dheweke mau padha bisa ngarep-arep Sihing Allah, dene Allah iku kang Maha Ngapura Maha Asih.

٢١٨ اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَالَّذِيْنَ هَاجَرُوْا وَجٰهَدُوْا فِىْ
سَبِيْلِ اللّٰهِ ۙ اُولٰٓئِكَ يَرْجُوْنَ رَحْمَتَ اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ
غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Innal ladziina aamanuu wal ladziina haajaruu wa jaahaduu fii sabiilillaahi ulaa-ika yarjuuna rahmatallaahi wallaahu ghafuurur rahiim.

Inuman keras lan ngabotohan haram

219. Dheweke padha pitakon marang sira Muhammad perkara inuman-keras,[86] lan ngabotohan. Dhawuha sira Muhammad: ,,Sakarone iku ana dosane kang gedhe, lan ana uga pigunane tumrap marang para manungsa ananging dosane iku luwih gedhe tinimbang karo pigunane". Dheweke padha pitakon maneh ing sira Muhammad barang kang kudu disedhekahake dening dheweke. Dhawuha sira Muhammad: ,,Samubarang kang

٢١٩ يَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ الْخَمْرِ وَالْمَيْسِرِ ۗ قُلْ فِيْهِمَآ اِثْمٌ
كَبِيْرٌ وَّمَنَافِعُ لِلنَّاسِ ۗ وَاِثْمُهُمَآ اَكْبَرُ مِنْ نَّفْعِهِمَا ۗ وَ
يَسْـَٔلُوْنَكَ مَاذَا يُنْفِقُوْنَ ۖ قُلِ الْعَفْوَ ۗ كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ
لَكُمُ الْاٰيٰتِ لَعَلَّكُمْ تَتَفَكَّرُوْنَ ۝

Yas-aluunaka 'anil khamri wal maisir, qul fiihimaa itsmun kabiiruw wamanaa-

85) **Fitnah** damel-damel gendro, isiu, adu-domba supados ummat Islam ringkih physic lan mentalipun.

86) Sadaya unjukan ingkang mendemi.

kang turah saka kaperluan". Kaya mangkono mau Allah nerangake ayat-ayate marang sira kabeh, supaya sira padha gelem memikir.

fi'u linnaasi wa itsmuhumaa akbaru min naf'ihimaa, wa yas'aluunaka maadzaa yunfiquun, qulil 'afwa kadzaalika yubayyinullaahu lakumul aayaati la'allakum tatafakkaruun.

220. Ana ing perkara Donya lan Akherat. Lan maneh dheweke padha pitakon marang sira Muhammad perkarane bocah yatim. Dhawuha sira Muhammad: ,,Ngopeni urusane bocah yatim iku luwih becik, dene manawa sira ngewori ing bocah-bocah mau, dhasar bocah iku sedulurira dhewe, Allah Ngawuningani wong kang agawe rusak saka wong kang agawe becik marang bocah yatim" Lan saupamane Allah karsa ngresiki ing sira kabeh mesthi kelakon. Sanyata Allah iku Maha Gagah Prakosa sarta Maha Wicaksana.

٢٢٠ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ ۗ وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْيَتَامَىٰ ۖ قُلْ إِصْلَاحٌ
لَّهُمْ خَيْرٌ ۖ وَإِن تُخَالِطُوهُمْ فَإِخْوَانُكُمْ ۚ وَاللَّهُ يَعْلَمُ
الْمُفْسِدَ مِنَ الْمُصْلِحِ ۚ وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَأَعْنَتَكُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ
عَزِيزٌ حَكِيمٌ ۝

Fiddunyaa wal aakhirah, wa yas-aluunaka 'anil yataamaa, qul ishlaahul lahum khair, wa in tukhaalithuuhum fa ikhwaanukum wallaahu ya'lamul mufsida minal mushlih, walausyaa Allaahu la-a'natakum innallaaha 'aziizun hakiim.

Hukum salaki-rabi (Undang-undang Perkawinan).

221. Lan sira kabeh aja padha ngrabeni wong wadon musyrik, nganti padha gelem Mu'min. Yekti sawijining wanodya Mu'min iku luwih becik tinimbang karo wong wadon musyrik, sanajana wong wadon musyrik mau nengsemake ing sira kabeh. Lan sira kabeh aja padha ningkahake anakira wadon marang wong lanang musyrik nganti gelem Mu'min. Yekti batur tukon kang Mu'min iku luwih becik tinimbang wong lanang kang musyrik, sanajana dheweke iku nengsemake ing sira kabeh. Wong musyrik kang mangkono mau padha ngajak marang Neraka, dene Allah iku ngajak marang Suwarga, lan Pangapura kalawan iziNe. Sarta PanjenengaNe nerangake ayat-ayate marang manungsa, sypaya dheweke padha eling marang PanjenengaNe.

٢٢١ وَلَا تَنكِحُوا الْمُشْرِكَاتِ حَتَّىٰ يُؤْمِنَّ ۚ وَلَأَمَةٌ مُّؤْمِنَةٌ
خَيْرٌ مِّن مُّشْرِكَةٍ وَلَوْ أَعْجَبَتْكُمْ ۗ وَلَا تُنكِحُوا الْمُشْرِكِينَ
حَتَّىٰ يُؤْمِنُوا ۚ وَلَعَبْدٌ مُّؤْمِنٌ خَيْرٌ مِّن مُّشْرِكٍ وَلَوْ
أَعْجَبَكُمْ ۗ أُولَٰئِكَ يَدْعُونَ إِلَى النَّارِ ۖ وَاللَّهُ يَدْعُو
إِلَى الْجَنَّةِ وَالْمَغْفِرَةِ بِإِذْنِهِ ۖ وَيُبَيِّنُ آيَاتِهِ لِلنَّاسِ
لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ۝

Walaa tankihul musyrikaati hatta yu'minna wala-amatum mu'minatun khairum mim musyrikatiw walau a'jabatkum, walaa tunkihul musyrikiina hatta yu'minuu wala'abdum mu'minun khairum mim musyrikin walau a'jabakum, ulaa ika yad'uuna ilan naar wallaahu yad'uu ilal jannati wal maghfirati bi idznih, wa yubayyinu aayaatihii linnaasi la'allahum yatadzakkaruun.

222. Dheweke padha pitakon marang sira Muhammad, perkara getih haidh. Dhawuha sira Muhammad: ,,Haidh iku rereged. Mulane sira padha ngedohana wong wadon [87] kang pinuju haidh, lan sira aja padha nyeraki

٢٢٢ وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْمَحِيضِ ۖ قُلْ هُوَ أَذًى ۙ فَاعْتَزِلُوا
النِّسَاءَ فِي الْمَحِيضِ ۙ وَلَا تَقْرَبُوهُنَّ حَتَّىٰ يَطْهُرْنَ ۖ

87) Boten kepareng cumbana (haram).

فَإِذَا تَطَهَّرْنَ فَأْتُوهُنَّ مِنْ حَيْثُ أَمَرَكُمُ اللَّهُ إِنَّ
اللَّهَ يُحِبُّ التَّوَّابِينَ وَيُحِبُّ الْمُتَطَهِّرِينَ ٥

Wa yas-aluunaka 'anil mahiidhi qul huwa adzaa, fa'tazilun nisaa-a fil mahiidhi, wa laa taqrabuu hunna hattaa yath-hurna, fa-idzaa tathahharna fa'tuu hunna min haitsu amara kumullaahu, innallaaha yuhibbut tawwaabiina wa yuhibbul mutathahhiriin.

wong wadon mau sahingga padha suci-resik. Dene manawa dheweke wus padha suci-resik, mangka sira nekanana marang dheweke miturut kang kadhawuhake dening Allah marang sira. Sanyata Allah iku remen marang wong kang padha tobat, lan remen marang wong kang padha suci resikan.

٢٢٣ نِسَآؤُكُمْ حَرْثٌ لَّكُمْ فَأْتُوا حَرْثَكُمْ أَنَّىٰ شِئْتُمْ وَ
قَدِّمُوا لِأَنفُسِكُمْ وَاتَّقُوا اللَّهَ وَاعْلَمُوا أَنَّكُم مُّلَاقُوهُ
وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِينَ ٥

Nisaa-ukum hartsullakum fa'tuu hartsakum annaa syi'tum waqaddimuu li-anfusikum wattaqullaaha wa'lamuu annakum mulaaquuhu wabasysyiril mu'miniin.

223. Wong wadonira iku sawah tumrap sira kabeh, mangka sira padha nekanana sawahira ing sakarep-saprayoganira, lan sira padha andhisikna kabecikan tumrap awakira dhewe, lan padha wedia ing Allah, lan padha weruha, sanyata sira ing tembe bakal padha disowanake ana ing Ngarsaning PanjenengaNe, lan ambebungaha sira Muhammad marang wong kang padha Mu'min.

٢٢٤ وَلَا تَجْعَلُوا اللَّهَ عُرْضَةً لِّأَيْمَانِكُمْ أَن تَبَرُّوا وَتَتَّقُوا
وَتُصْلِحُوا بَيْنَ النَّاسِ وَاللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ٥

Walaa taj'alullaaha 'urdhatalli aimaanikum an tabarruu watattaquu wa tushlihuu bainannaasi wallaahu samii'un 'aliim.

224. Lan sira aja padha andadekake asmaning Allah ana ing sumpahira,[88] kang ngalang-alangi ing sira manawa arep tumindak becik, lan wedi ing Allah sarta agawe rukun saeka praya ing antarane manungsa. Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani.

٢٢٥ لَا يُؤَاخِذُكُمُ اللَّهُ بِاللَّغْوِ فِي أَيْمَانِكُمْ وَلَٰكِن يُؤَاخِذُكُم
بِمَا كَسَبَتْ قُلُوبُكُمْ وَاللَّهُ غَفُورٌ حَلِيمٌ ٥

Laa yu-aakhidzu kumullaahu billaghwi fii aimaanikum walaakin yu-aakhidzukum bimaa kasabat quluubukum wallaahu ghafuurun haliim.

225. Allah ora bakal karsa nganggep supatanira kang mung saka ketrucut ora kanthi kaseja, ananging PanjenengaNe bakal matrapi ing sira supata kang terus tumeka ing atinira, sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Aris.

٢٢٦ لِلَّذِينَ يُؤْلُونَ مِن نِّسَآئِهِمْ تَرَبُّصُ أَرْبَعَةِ أَشْهُرٍ
فَإِن فَآءُو فَإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٥

Lilladziina yu'luuna min nisaa-ihim tarabbushu arba'ati asyhur, fa-in faa-uu fa innallaaha ghafuurur rahiim.

226. Wong kang padha supata[89] ninggal wadone iku, kena nyrantekake suwe-suwene patang sasi, sawuse iku, manawa dheweke padha balen, sanyata Allah iku ingkang Maha Ngapura Maha Asih.

88) Haram ngucapaken sumpah nyebut asmaning Allah perlu: boten anindakaken amal saleh, umpami: demi Allah, kula boten badhe purun ambiyantu ambangun Mesjid. Manawi sampun kaucapaken, kedah enggal dipun terak, sarta ambayar kafarat.

89) Sumpah boten purun cumbana kaliyan ingkang estri, ugi boten megat - talak. Pramila manawi sampun sekawan wulan, kedah wangsul cumbana kaliyan ingkang estri, utawi megat talak, sarta ambayar kafarat.

227. Lan manawa dheweke padha anduweni niyat megat marang wadone, sanyata Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Wikan.

٢٢٧ وَإِنْ عَزَمُوا الطَّلَاقَ فَإِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ۝

Wa in 'azamuth thalaaqa fa innallaaha samii'un 'aliim.

228. Lan wong wadon kang padha dipegat, supaya nyrantekake ing awake, ora kena laki sajeroning telung pasucen, lan ora halal tumrap dheweke manawa ngumpetake anggone Allah wus nitahake anak kang ana ing rahim-wetenge, manawa dheweke iku iman ing Allah lan dina Akhir. Lan bojone isih duwe wewenang ambaleni wadone mau ana ing mangsa sajerone 'iddah iku, manawa dheweke padha karep tumindak dhame-becik. Lan wong wadon iku anduweni hak, kang padha kalawan hak-kuwajibane wong lanang ing ngatase dheweke, sarana becik-becik; ananging mangertia, wong lanang iku duwe derajat kaluwihan kang ngungkuli ing ngatase rabine,[90] Allah iku Maha Gagah Digdaya sarta Maha Wicaksana.

٢٢٨ وَالْمُطَلَّقَاتُ يَتَرَبَّصْنَ بِأَنْفُسِهِنَّ ثَلَاثَةَ قُرُوءٍ ۚ وَلَا يَحِلُّ لَهُنَّ أَنْ يَكْتُمْنَ مَا خَلَقَ اللَّهُ فِي أَرْحَامِهِنَّ إِنْ كُنَّ يُؤْمِنَّ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ ۚ وَبُعُولَتُهُنَّ أَحَقُّ بِرَدِّهِنَّ فِي ذَٰلِكَ إِنْ أَرَادُوا إِصْلَاحًا ۚ وَلَهُنَّ مِثْلُ الَّذِي عَلَيْهِنَّ بِالْمَعْرُوفِ ۖ وَلِلرِّجَالِ عَلَيْهِنَّ دَرَجَةٌ ۗ وَاللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ۝ ع ٢٨ ١٢

Wal muthallaqaatu yatarabbashna bi anfusihinna tsalaatsata quruu', walaa yahillu lahunna ayyaktumna maa khalaqallaahu fii arhaami hinna in kunna yu'minna billaahi wal yaumil aakhir, wa bu'uulatuhunna ahaqqu biraddihinna fii dzaalika in araaduu ishlaahaa, wa lahunna mitslul ladzii 'alaihinna bil ma'ruufi walirrijaali 'alaihinna darajah, wallaahu 'aziizun hakiim.

229. Talaq kang isih kena dibaleni iku rong rambahan, sawuse iku sira rujuk kalawan becik utawa sira uculake, uga kalawan becik-becik. Lan ora halal tumrap sira kabeh manawa anjupuk sethithik saka pawewehira marang rabinira, kajaba manawa wong sakeloron iku mau padha kuwatir bakal ora bisa netepi wates-watesing Allah. Manawa sira kabeh padha kuwatir ora bakal bisa netepi wates-watesing Allah, mangka ora dosa tumrap wong wadon ambayar tebusane [91] awake dhewe. Mangkono iku wates-watesing Allah, sira kabeh aja padha nerak wates. Lan sing sapa nerak wates-watesing Allah mangka wong kang kaya mangkono mau tetep padha nganiaya.

٢٢٩ اَلطَّلَاقُ مَرَّتَانِ ۖ فَإِمْسَاكٌ بِمَعْرُوفٍ أَوْ تَسْرِيحٌ بِإِحْسَانٍ ۗ وَلَا يَحِلُّ لَكُمْ أَنْ تَأْخُذُوا مِمَّا آتَيْتُمُوهُنَّ شَيْئًا إِلَّا أَنْ يَخَافَا أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ اللَّهِ ۖ فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ اللَّهِ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا فِيمَا افْتَدَتْ بِهِ ۗ تِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ فَلَا تَعْتَدُوهَا ۚ وَمَنْ يَتَعَدَّ حُدُودَ اللَّهِ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ۝

Aththalaaqu marrataani fa imsaakum bima'ruufin au tasriihum bi ihsaan, walaa yahillu lakum an ta'khudzuu mimmaa aataitumuuhunna syai-an illaa ay yakhaafaa allaa yuqiimaa huduudallaah, fa in khiftum allaa yuqiimaa huduudallaah, falaa junaaha 'alaihimaa fiimaftadat bih, tilka huduudullaahi falaa ta'taduuhaa, wamay yata'adda huduudallaahi fa ulaaika humuzh zhaalimuun.

90). Sebab tiyang jaler tanggel-jawab kawilujengan lan kemakmuran bale-griya.

91). Hukum khulu' inggih punika panyuwunipun pegat tiyang estri dhumateng semahipun sarana ambayar 'iwadl (tebusan arta).

230. Sawuse talaq kang kapindho mangka manawa bojone megat-talaq marang rabine, wong wadon mau ora halal dirabeni maneh, kajaba manawa wus rabi karo wong lanang liyane. Mangka manawa dheweke wus dipegat dening bojone kang kapindho, ora dosa tumrap sakelorone yenta padha balen, kang kaya mangkono iku yen sakarone padha ngira bakal padha bisa netepi hukum-hukuming Allah. Hiya kaya mangkono iku hukum-hukuming Allah, Panjenengane nerangake marang kaum kang padha mangerti.

٢٣٠. فَإِنْ طَلَّقَهَا فَلَا تَحِلُّ لَهُ مِنْ بَعْدُ حَتَّىٰ تَنْكِحَ زَوْجًا
غَيْرَهُ ۗ فَإِنْ طَلَّقَهَا فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا أَنْ يَتَرَاجَعَا
إِنْ ظَنَّا أَنْ يُقِيمَا حُدُودَ اللَّهِ ۗ وَتِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ
يُبَيِّنُهَا لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ۝

Fa inthallaqahaa falaa tahillu lahuu mim ba'du hattaa tankiha zaujan ghairahuu fa inthallaqahaa falaa junaaha 'alaihimaa ayyataraa ja'aa in zhannaa ayyuqiimaa huduudallaah, wa tilka huduuhullaahi yubayyinuhaa liqaumiy ya'lamuun.

231. Lan manawa sira megat-talaq wong-wong wadon rabinira, banjur wus cerak mangsane 'idah, sira rujuka sarana becik, utawa megata kalawan becik. Lan sira aja mengku/balen marang dheweke kang sumeja agawe sangsara, karana sira pamrih nganiaya ngliwati wates-hukum. Dene sing sapa nindakake mangkono mau temen dheweke wus tumindak zhalim marang awake[92] dhewe. Lan sira aja padha nganggo geguyon ing ayat-ayating Allah, sarta padha elinga marang paringe kani'mataning Allah kang wus diparingake marang sira, lan barang kang wus diturunake marang sira yaiku Kitab Quraan lan Hikmah, kalawan iku PanjenengaNe paring pitutur marang sira kabeh, lan sira padha wedia ing Allah, lan padha mangertia sanyata Allah iku Maha Wikan ing sakabeh-ing barang.

٢٣١. وَإِذَا طَلَّقْتُمُ النِّسَاءَ فَبَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَأَمْسِكُوهُنَّ
بِمَعْرُوفٍ أَوْ سَرِّحُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ ۖ وَلَا تُمْسِكُوهُنَّ
ضِرَارًا لِتَعْتَدُوا ۚ وَمَنْ يَفْعَلْ ذَٰلِكَ فَقَدْ ظَلَمَ نَفْسَهُ ۚ
وَلَا تَتَّخِذُوا آيَاتِ اللَّهِ هُزُوًا ۚ وَاذْكُرُوا نِعْمَتَ اللَّهِ عَلَيْكُمْ
وَمَا أَنْزَلَ عَلَيْكُمْ مِنَ الْكِتَابِ وَالْحِكْمَةِ يَعِظُكُمْ
ع ١٢ بِهِ ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ۝

Wa idzaa thallaqtumunnisaa-a fabalaghna ajalahunna fa-amsikuu hunna bima'ruufin aw sarrihuu hunna bima'ruuf, walaa tumsikuu hunna dhiraaral lita'taduu, wa may yaf'al dzaalika faqad zhalama nafsah, walaa tattakhidzuu aayaatillaahi huzuwaw wadzkuruu ni'matallaahi 'alaikum wamaa anzala 'alaikum minal kitaabi walhikmati ya'izhukum bih, wattaqullaaha wa'lamuu annallaaha bikulli syai-in 'aliim.

232. Lan manawa sira megat-talaq marang wong wadon, banjur wus rampung 'iddahe, sira aja padha nyegah ing dheweke manawa arep bali ningkahan karo bojone,[93] manawa dheweke wus padha trima sarana becik-becik. Kang kaya mangkono mau kanggo mituturi wong kang gelem iman marang Allah lan dina Akhir. Mangkono iku luwih becik lan hiya luwih resik tumrap sira kabeh, lan Allah iku Maha Ngawuningani, dene sira iku padha ora mangerti.

٢٣٢. وَإِذَا طَلَّقْتُمُ النِّسَاءَ فَبَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَلَا تَعْضُلُوهُنَّ
أَنْ يَنْكِحْنَ أَزْوَاجَهُنَّ إِذَا تَرَاضَوْا بَيْنَهُمْ بِالْمَعْرُوفِ ۗ
ذَٰلِكَ يُوعَظُ بِهِ مَنْ كَانَ مِنْكُمْ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ
الْآخِرِ ۗ ذَٰلِكُمْ أَزْكَىٰ لَكُمْ وَأَطْهَرُ ۚ وَاللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنْتُمْ
لَا تَعْلَمُونَ ۝

Wa idzaa thallaqtumunnisaa-a fabalaghna ajalahunna falaa ta'dhuluuhunna ay-yan-

92). Upami anjiyat nyuwun pegat sarana margi khulu' utawi ngendelaken kemawon, gesangipun kampul-kampul, kambang-kambang.

93). Ningkah malih kaliyan tilas simahipun utawi angsal tiyang jaler sanes.

kihna azwaajahunna idzaa taraadhau bainahum bilma'ruuf, dzaalika yuu'adhu bihii mankaana minkum yu'minu billaahi wal yaumil aakhiri dzaalikum azkaa lakum wa athhar, wallaahu ya'lamu wa antum laa ta'lamuun.

233. Para Biyung kang wus ditalaq iku supaya padha nyusoni anake suwene ganep rong tahun, tumrap wong wadon kang nyempurnakake pasuson. Lan wajib tumrap Bapa aweh sandhang lan pangan sakuwasane, lan Biyung ora kena dipeksa nyusoni anake, lan mangkono uga Bapa ora kena dipeksa ngragadi anake, kajaba mung sakuwasane, lan wajibing waris kaya mangkono uga. Dene manawa Bapa lan Biyung sakarone padha duwe seja arep nyapih bocah mau kanthi wus padha lilane lan wus kanthi dirembug sakarone, mangka ora ana alangan tumrap dheweke, lan manawa arep nginyakake anakira iku uga ora ana alangane tumrap sira, sauga sira padha masrahake opah kalawan samurwate. Sira padha wedia ing Allah, lan weruha manawa Allah iku Maha Priksa ing kabeh barang kang padha sira tindakake.

٢٣٣. وَالْوَالِدٰتُ يُرْضِعْنَ اَوْلَادَهُنَّ حَوْلَيْنِ كَامِلَيْنِ
لِمَنْ اَرَادَ اَنْ يُّتِمَّ الرَّضَاعَةَ ۚ وَعَلَى الْمَوْلُوْدِ لَهٗ
رِزْقُهُنَّ وَكِسْوَتُهُنَّ بِالْمَعْرُوْفِ ۗ لَا تُكَلَّفُ نَفْسٌ
اِلَّا وُسْعَهَا ۚ لَا تُضَآرَّ وَالِدَةٌ ۢ بِوَلَدِهَا وَلَا مَوْلُوْدٌ
لَّهٗ بِوَلَدِهٖ ۚ وَعَلَى الْوَارِثِ مِثْلُ ذٰلِكَ ۚ فَاِنْ اَرَادَا
فِصَالًا عَنْ تَرَاضٍ مِّنْهُمَا وَتَشَاوُرٍ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا ۗ
وَاِنْ اَرَدْتُّمْ اَنْ تَسْتَرْضِعُوْٓا اَوْلَادَكُمْ فَلَا جُنَاحَ
عَلَيْكُمْ اِذَا سَلَّمْتُمْ مَّآ اٰتَيْتُمْ بِالْمَعْرُوْفِ ۗ وَاتَّقُوا
اللّٰهَ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

Wal waalidaatu yurdhi'na aulaadahunna haulaini kaamilaini liman araada ayyutimmarradhaa'ah, wa 'alal mauluudi lahuu rizquhunna wa kiswatuhunna bilma'ruuf, laa tukallafu nafsun illaa wus'ahaa, laa tudhaarra waalidatum biwaladihaa walaa mauluudullahuu biwaladihii wa 'alal waaritsi mitslu dzaalik, fa-in araadaa fishaalan 'an taraadhim minhumaa wa tasyaawurin falaa junaaha 'alaihimaa, wa in aradtum an tastardhi'uu aulaadakum falaa junaaha 'alaikum idzaa sallamtum maa aataitum bil ma'ruuf, wattaqullaaha wa'lamuu annallaaha bimaa ta'maluuna bashiir.

234. Dene wong kang mati saka sira sarta ninggal bojo, wajib tumrap wong wadon mau anyrantekake awake ora kena laki, lawase patang sasi sepuluh dina, mangka manawa wus rampung 'iddahe sira kang dadi wali ora padha kapatrapan dosa jalaran anggone wong wadon mau dimerdikakake ambebecik awake, 94) lan Allah iku Maha Waspada ing kabeh barang kang padha sira lakoni.

٢٣٤. وَالَّذِيْنَ يُتَوَفَّوْنَ مِنْكُمْ وَيَذَرُوْنَ اَزْوَاجًا يَّتَرَبَّصْنَ
بِاَنْفُسِهِنَّ اَرْبَعَةَ اَشْهُرٍ وَّعَشْرًا ۚ فَاِذَا بَلَغْنَ اَجَلَهُنَّ
فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيْمَا فَعَلْنَ فِيْٓ اَنْفُسِهِنَّ بِالْمَعْرُوْفِ ۗ
وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ۝

Walladziina yutawaffauna minkum wayadzaruuna azwaajay yatarabbashna bianfusihinna arba'ata asyhuriw wa'asyran, fa idzaa balaghna ajalahunna falaa junaaha 'alaikum fiimaa fa'alna fii anfusihinna

94). Memantes sarira, kekesahan darmawisata, lan prayogi nampi lamaran pria.

bil ma'ruuf, wallaahu bimaa ta'maluuna khabiir.

235. Lan sira ora padha kapatrapan dosa tumrap anggonira nglamar sarana pasemon marang wong wadon kang isih sajerone 'iddah, 95) utawa mung sira batin ana sajeroning batinira. 96) Allah Ngawuningani manawa sira bakal padha nglahirake perkara mau marang dheweke. Nanging sira aja janji marang wong-wong wadon mau sarana perkara kang winadi, kajaba supaya sira angucap kang becik-becik. Lan sira aja anetepake 'akad waktu nikah, nganti manawa wong wadon mau wus rampung 'iddahe. Lan sira padha ngertiya sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Sabar.

٢٣٥ وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيمَا عَرَّضْتُمْ بِهِ مِنْ خِطْبَةِ النِّسَاءِ
أَوْ أَكْنَنْتُمْ فِي أَنْفُسِكُمْ عَلِمَ اللَّهُ أَنَّكُمْ سَتَذْكُرُونَهُنَّ
وَلَٰكِنْ لَا تُوَاعِدُوهُنَّ سِرًّا إِلَّا أَنْ تَقُولُوا قَوْلًا
مَعْرُوفًا وَلَا تَعْزِمُوا عُقْدَةَ النِّكَاحِ حَتَّىٰ يَبْلُغَ
الْكِتَابُ أَجَلَهُ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِي أَنْفُسِكُمْ
ع ١٣ فَاحْذَرُوهُ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ غَفُورٌ حَلِيمٌ ٥

Walaa junaaha 'alaikum fiimaa 'aradhtum bihii min khithbatin nisaa-i au aknantum fii anfusikum 'alimallaahu annakum satadzkuruu nahunna walaakillaa tuwaa'iduu hunna sirran illaa antaquuluu qaulam ma'ruufaa walaa ta'zimuu uqdatannikaahi hattaa yablughal kitaabu ajalah, wa'lamuu annallaaha ya'lamumaa fii anfusikum fahdzaruuhu wa'lamuu annallaaha ghafuurun haliim.

236. Ora jeneng dosa tumrap sira kang megat wong wadon kang sira durung cumbana, utawa sadurunge sira temtokake maskawine, ananging sira menehana bebungah marang dheweke. Tumrap wong sugih sakuwate lan tumrap wong miskin hiya sakuwasane, mangkono iku kuwajiban temenan tumrap wong kang padha nindakake kabecikan.

٢٣٦ لَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ إِنْ طَلَّقْتُمُ النِّسَاءَ مَا لَمْ تَمَسُّوهُنَّ
أَوْ تَفْرِضُوا لَهُنَّ فَرِيضَةً ۖ وَمَتِّعُوهُنَّ عَلَى الْمُوسِعِ
قَدَرُهُ وَعَلَى الْمُقْتِرِ قَدَرُهُ مَتَاعًا بِالْمَعْرُوفِ ۖ حَقًّا
عَلَى الْمُحْسِنِينَ ٥

Laa junaaha 'alaikum inthallaq tumunnisaa-a maalam tamassuu hunna au tafridhuu lahunna fariidhataw wamatti'uu hunna 'alal muusi'i qadaruhuu wa 'alal muqtiri qadaruhuu mataa'am bil ma'ruuf haqqan 'alal muhsiniin.

237. Lan manawa sira megat wong wadon kang sira durung cumbana, ananging sira wus nemtokake maskawin tumrap dheweke, sira wajib ambayar separone maskawin kang wus ditamtokake. Kajaba manawa rabinira utawa wong lanang kang anguwasani bundhelane nikah gelem aweh kamurahan. 97) Dene yen sira gelem aweh kamurahan, iku nyerakake

٢٣٧ وَإِنْ طَلَّقْتُمُوهُنَّ مِنْ قَبْلِ أَنْ تَمَسُّوهُنَّ وَقَدْ
فَرَضْتُمْ لَهُنَّ فَرِيضَةً فَنِصْفُ مَا فَرَضْتُمْ إِلَّا أَنْ
يَعْفُونَ أَوْ يَعْفُوَ الَّذِي بِيَدِهِ عُقْدَةُ النِّكَاحِ ۖ وَ
أَنْ تَعْفُوا أَقْرَبُ لِلتَّقْوَىٰ ۚ وَلَا تَنْسَوُا الْفَضْلَ بَيْنَكُمْ

95). Simahipun jaler sampun **wafat** lan taksih salebeting 'iddah.

96). Wanita salebeting 'iddah sebab talak raj'i (talak ingkang tilas simahipun jaler kenging ambangsuli **malih**) boten kenging dipun lamar sanaosa sindhiran.

97). Manawi ingkang maringi kamirahan punika **Wali**, mangka simah jaler kantun ambayar maskawin **sepalih**, dene manawi simah jaler ingkang maringi karinganan, piyambakipun simah jaler ambayar **sadaya maskawin.**

marang taqwa ing Allah. Lan sira aja nglalekake kabecikan ing antarane sira kabeh, sanyata Allah iku Maha Wikan ing sakabehing barang kang sira tindakake.

إِنَّ اللَّهَ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ٥

Wa inthallaqtumuuhunna min qabli antamassuuhunna waqad faradhtum lahunna fariidhatan fanjshfumaa faradhtum illaa ayya'fuuna au ya'fuwalladzii biyadihii 'uqdatun nikaahi wa anta'fuu aqrabu littaqwaa walaatan sawul fadhla bainakum innallaaha bimaa ta'maluuna bashiir.

Ambudayaken shalat kang khusyu' - jatmika.

238. Sira padha angreksaa anggonira nindakake Shalat lan Shalat Ashar (kang tengahan), lan sira padha ngadega ing Shalatmu sarana khusyu', angestokake kabeh dhawuhing Allah. 98)

٢٣٨. حٰفِظُوْا عَلَى الصَّلَوٰتِ وَ الصَّلٰوةِ الْوُسْطٰى وَقُوْمُوْا لِلّٰهِ قٰنِتِيْنَ ٥

Haafizhuu 'alash shalawaati wash shalaatil wusthaa waquumuu lillaahi qaanitiin.

239. Dene manawa sira kuwatir, mangka sira padha Shalata karo mlaku, utawa karo nenunggang. Ananging manawa sira wus tentrem, sira padha nyebuta asmaning Allah kaya anggone Panjenengane wus paring wulangan ing sira barang kang sira maune durung padha mangerti.

٢٣٩. فَاِنْ خِفْتُمْ فَرِجَالًا اَوْ رُكْبَانًا ۚ فَاِذَآ اَمِنْتُمْ فَاذْكُرُوا اللّٰهَ كَمَا عَلَّمَكُمْ مَّا لَمْ تَكُوْنُوْا تَعْلَمُوْنَ ٥

Fa inkhiftum farijaalan au rukbaanan fa idzaa amintum fadzkurullaaha kamaa 'allamakum maalam takuunuu ta'lamuun.

Washiyat lan aweh bebungah marang simah.

240. Dene wong kang arep mati saka sira sarta tinggal bojo, wong mau supaya wasiyat tumrap bojone minangka aweh bebungah sandhang pangan, sawuse setahun, sarta ora nundhung dheweke saka omahe. Mangka manawa wong wadon mau pindhah karepe dhewe saka omah mau, sira ora kapatrapan dosa tumrap wali utawa waris, menehi kamardikan marang wadon mau ambebecik awake dhewe, lan Allah iku Maha Mulya, Maha Wicaksana.

٢٤٠. وَالَّذِيْنَ يُتَوَفَّوْنَ مِنْكُمْ وَيَذَرُوْنَ اَزْوَاجًا ۖ وَّصِيَّةً لِّاَزْوَاجِهِمْ مَّتَاعًا اِلَى الْحَوْلِ غَيْرَ اِخْرَاجٍ ۚ فَاِنْ خَرَجْنَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيْ مَا فَعَلْنَ فِيْٓ اَنْفُسِهِنَّ مِنْ مَّعْرُوْفٍ ۗ وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ٥

Walladziina yutawaffauna minkum wayadzaruuna azwaajaw washiyyatal li azwaajihim mataa'an ilal hauli ghaira ikhraajin fa in kharajna falaa junaaha 'alaikum fiimaa fa'alna fii anfusihinna mimma'ruuf, wallaahu 'aziizun hakiim.

241. Wong wadon kang padha dipegat iku padha oleh pesangon-bebungah saka kang lanang sakuwasane, iku kuwajiban tetep tumrap wong kang taqwa ing Allah.

٢٤١. وَلِلْمُطَلَّقٰتِ مَتَاعٌۢ بِالْمَعْرُوْفِ ۚ حَقًّا عَلَى الْمُتَّقِيْنَ ٥

Wa lilmuthallaqaati mataa'um bil ma'ruuf, haqqan 'alal muttaqiin.

98). **Fatwa pujangga Ahli Hadits, maksudipun supados Shalat Gangsal Wekdal sadaya dipun tindakaken ingkang khusyu' lan yektos-yektos.**

242. Kaya mangkono iku Allah paring katerangan Ayat-Ayate, marang sira kabeh, supaya sira tansah mikir-mikir.

٢٤٢ كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمْ اٰيٰتِهٖ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۝ ع ١٥

Kadzaalika yubayyinullaahu lakum aayaatihii la'allakum ta'qiluun.

Milisi lan dedana ing margining Allah

243. Apa sira durung weruh-tamat marang wong Bani Israil kang cacah-jiwane maewu-ewu padha metu saka kampung-padhukuhane jalaran wedi mati, mangka Allah dhawuh marang dheweke: „Sira padha [99] matia kabeh", sawuse iku Allah nguripake dheweke. Sanyata Allah iku kagungan kanugerahan marang para manungsa, ananging memelas, akeh-akehe manungsa ora padha gelem syukur.

٢٤٣ اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ خَرَجُوْا مِنْ دِيَارِهِمْ وَهُمْ اُلُوْفٌ حَذَرَ الْمَوْتِ فَقَالَ لَهُمُ اللّٰهُ مُوْتُوْا ثُمَّ اَحْيَاهُمْ ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَذُوْ فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَشْكُرُوْنَ ۝

Alamtara ilalladziina kharajuu min diyaarihim wahum uluufun hadzaral mauut, faqaala lahumullaahu muutuu tsumma ahyaahum, innallaaha ladzuu fadhlin 'alannaasi walaakinna aktsarannaasi laa yasykuruun.

244. Lan sira padha peranga ngrungkebi dedalaning Allah, lan padha weruha sanyata Allah iku Maha Midhanget, Maha Ngawuningani.

٢٤٤ وَقَاتِلُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

Wa qaatiluu fii sabiilillaahi wa'lamuu annallaaha samii'un 'aliim.

245. Sapata sing gelem menehi utangan marang Allah, utangan kang, becik dedana ing dedalaning Allah, mangka Allah bakal nikel-nikelake ganjarane sarana tikelan kang akeh. Lan Allah iku kang ngrupekake lan njembarake rezeki, lan marang Panjenengane sira kabeh padha disowanake.

٢٤٥ مَنْ ذَا الَّذِيْ يُقْرِضُ اللّٰهَ قَرْضًا حَسَنًا فَيُضٰعِفَهٗ لَهٗٓ اَضْعَافًا كَثِيْرَةً ۗ وَاللّٰهُ يَقْبِضُ وَيَبْصُۜطُ ۖ وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ۝

Mandzalladzii yuqridhullaaha qardhan hasanan fayudlhaa'ifahuu lahuu adh'aafan katsiirah, wallaahu yaqbidhu wa yabshuthu wa ilaihi turja'uun.

246. Apa sira ora padha mermanakake pemimpin-pemimpin Bani Israil sawuse sedane Nabi Musa, yaiku nalika dheweke munjuk atur marang sawijining Nabine: „Dhuh Nabi, Panjenengan supados netepaken Raja ingkang mimpin-perang kita sami wonten margining Allah". Nabine tumuli dhawuh: „Manawa sira padha didhawuhi perang mengko gek sira kabeh ora padha ngestokake ngayahi perang?". Munjuk ature wong mau: „Kenging punapa kita sami boten purun ngestokaken ngayahi perang ing margining Allah, mangka

٢٤٦ اَلَمْ تَرَ اِلَى الْمَلَاِ مِنْۢ بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ مِنْۢ بَعْدِ مُوْسٰى ۘ اِذْ قَالُوْا لِنَبِيٍّ لَّهُمُ ابْعَثْ لَنَا مَلِكًا نُّقَاتِلْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۗ قَالَ هَلْ عَسَيْتُمْ اِنْ كُتِبَ عَلَيْكُمُ الْقِتَالُ اَلَّا تُقَاتِلُوْا ۗ قَالُوْا وَمَا لَنَآ اَلَّا نُقَاتِلَ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَقَدْ اُخْرِجْنَا مِنْ دِيَارِنَا وَاَبْنَآئِنَا ۗ فَلَمَّا كُتِبَ عَلَيْهِمُ الْقِتَالُ تَوَلَّوْا اِلَّا قَلِيْلًا مِّنْهُمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ بِالظّٰلِمِيْنَ ۝

99). Pujangga linangkung Ahli Tafsir anerangaken, bilih pejah punika, pejah gregut-santinipun, grengseng-semangatipun; saweneh malih katerangaken pejah jasadipun.

kita sami sampun kalajeng dipun tundhung saking nagari kita, 100) kapisah saking anak anak kita". Mangka sawuse katetepake ngayahi perang, dheweke padha mlengos, kajaba wong sethithik saka wong mau, Allah iku Maha Ngawuningani ing wong kang padha nganiaya.

Alam tara ilalmala-i mim banii israa-iila mim ba'di muusaa idz qaaluu linabiyyil lahumub 'atslanaa malikan nuqaatil fii sabiilillaahi qaala hal 'asaitum inkutiba 'alaikumul qitaalu allaa tuqaatiluu, qaaluu wamaa lanaa allaa tuqaatila fii sabiillillaahi waqad ukhrijnaa min diyaarinaa wa abnaa inaa falammaa kutiba 'alaihimul qitaalu tawallau illaa qaliilam minhum, wallaahu 'aliimum bizhzhaalimiin.

247. Nabine wong-wong mau ngandika: ,,Sanyata Allah wus angutus Thalut dadi Raja tumrap sira kabeh". Dheweke padha matur: ,,Kados pundi dene Thalut ingkang dados Raja marentah dhumateng kita? Mangka leresipun kita punika ingkang satrepipun dados Raja katimbang kaliyan piyambakipun, langkung-langkung pun Thalut punika boten kaparingan sugih arta?" Pangandikanipun Nabi: ,,Sanyata Allah wus wilih marang Thalut ngluwihi sira kabeh, lan Panjenengane wus nambahi marang dheweke kaluwihan ilmu lan kekuatan badan. Allah iku karsa maringake kratoNe marang wong kang dadi kaparenging Karsane, lan Allah iku Maha Jembar tur Maha Wikan.

٢٤٧ وَقَالَ لَهُمْ نَبِيُّهُمْ إِنَّ اللّٰهَ قَدْ بَعَثَ لَكُمْ طَالُوتَ
مَلِكًا ۚ قَالُوٓا أَنّٰى يَكُونُ لَهُ الْمُلْكُ عَلَيْنَا وَنَحْنُ
أَحَقُّ بِالْمُلْكِ مِنْهُ وَلَمْ يُؤْتَ سَعَةً مِّنَ الْمَالِ ۚ
قَالَ إِنَّ اللّٰهَ اصْطَفٰىهُ عَلَيْكُمْ وَزَادَهُ بَسْطَةً فِي
الْعِلْمِ وَالْجِسْمِ ۖ وَاللّٰهُ يُؤْتِي مُلْكَهُ مَنْ يَشَآءُ ۚ
وَاللّٰهُ وَاسِعٌ عَلِيمٌ ۝

Wa qaala lahum nabiyyuhum innallaaha qad ba'atsa lakum thaaluuta malikaa qaaluu annaa yakuunu lahul mulku 'alainaa wa nahnu ahaqqu bilmulki minhu walam yu'ta sa'atam minal maal, qaala innallaahash thafaahu 'alaikum wa zaadahuu basthatan fil 'ilmi wal jismi wallaahu yu'tii mulkahuu mayyasyaa-u wallaahu waasi'un 'aliim.

248. Nabine wong-wong mau ngandika maneh: ,,Sanyata kang bakal dadi tandha yekti karatone Thalut iku anane pethi Tabut teka ing sira kang isi katentreman saka ngarsaning Pangeranira, lan isi pusaka tetinggalane Nabi Musa lan Nabi Harun, sarta dipikul dening para Malaikat, kang mangkono mau sanyata dadi tandha yekti tumrap sira, yen kepara nyata sira iku iman".

٢٤٨ وَقَالَ لَهُمْ نَبِيُّهُمْ إِنَّ آيَةَ مُلْكِهِ أَنْ يَأْتِيَكُمُ
التَّابُوتُ فِيهِ سَكِينَةٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَبَقِيَّةٌ مِّمَّا
تَرَكَ آلُ مُوسٰى وَآلُ هٰرُونَ تَحْمِلُهُ الْمَلٰٓئِكَةُ ۚ إِنَّ
فِي ذٰلِكَ لَآيَةً لَّكُمْ إِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِينَ ۝ ع ٣٢ ٢٩

Wa qaala lahum nabiyyuhum inna aayata mulkihii ayya'tiyakumuttaabuutu fiihi sakiinatum mirrabbikum wabaqiyyatum mimmaa taraka aalu muusa wa aalu haaruuna tahmiluhul malaa-ikatu inna fii dzaalika la aayatallakum in kuntum mu'miniin.

249. Bareng Thalut budhal bebarengan karo wadyabalane dheweke celathu: ,,Sanyata Allah bakal nyoba marang sira sarana banyuning kali, mangka sing sapa wonge ngombe banyuning kali ora bakal tetep dadi kancaku,

٢٤٩ فَلَمَّا فَصَلَ طَالُوتُ بِالْجُنُودِ ۙ قَالَ إِنَّ اللّٰهَ مُبْتَلِيكُمْ
بِنَهَرٍ ۚ فَمَنْ شَرِبَ مِنْهُ فَلَيْسَ مِنِّي ۚ وَمَنْ لَّمْ
يَطْعَمْهُ فَإِنَّهُ مِنِّيٓ إِلَّا مَنِ اغْتَرَفَ غُرْفَةً بِيَدِهِ ۚ

100). Pyambakipun sami dipun tundhung, anak-anakipun dipun tawan.

lan sing sapa wonge ora ngombe banyuning kali sanyata dheweke iku tetep dadi kancaku, kajaba wong kang mung nyawuk banyu sacawukan nganggo tangane". Para wadyabala mau tumuli padha ngombe saka kali mau, kajaba mung sathithik kang ora ngombe. Bareng Thalut lan wadyabalane kang padha Mu'min wus padha nyabrang kali, dheweke padha ngucap: ,,Dinten punika kula sadaya tanpa daya boten saged badhe mapag-perangipun raja Jalut sawadyabalanipun". Dene wong kang padha Mu'min, percaya bakal sowan marang ngarsaning Allah, padha ngucap: ,,Akeh bae golongan sathithik bisa ngalahake golongan akeh, kalawan idzining Allah; Allah iku Anartani wong kang padha sabar".

فَشَرِبُوْا مِنْهُ اِلَّا قَلِيْلًا مِّنْهُمْ ۗ فَلَمَّا جَاوَزَهٗ هُوَ
وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَعَهٗ ۙ قَالُوْا لَا طَاقَةَ لَنَا الْيَوْمَ
بِجَالُوْتَ وَجُنُوْدِهٖ ۗ قَالَ الَّذِيْنَ يَظُنُّوْنَ اَنَّهُمْ مُّلٰقُوا
اللّٰهِ ۙ كَمْ مِّنْ فِئَةٍ قَلِيْلَةٍ غَلَبَتْ فِئَةً كَثِيْرَةًۢ بِاِذْنِ
اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ مَعَ الصّٰبِرِيْنَ ۝

Falammaa fashala thaaluutu bil junuudi qaala innallaaha mubtaliikum binahar, faman syariba minhu falaisa minnii, wa mallam yath'amhu fa-innahuu minnii illaa manightarafa ghurfatam biyadihii fasyaribuu minhu illaa qaliilam minhum falammaa jaawazahuu huwa walladziina aamanuu ma'ahuu qaaluu laa thaaqata lanalyauma bijaaluuta wa junuudihii, qaalalladziina yazhunnuuna annahum mulaaqullaahi kam min fi-atin qaliilatin ghalabat fi-atan katsiiratam bi-idznillaahi wallaahu ma'ash shaabiriin.

250. Sawuse Thalut sawadyabalane padha adu arep karo Jalut sawadyabalane, dheweke padha nenuwun marang Allah, munjuk ature: ,,Dhuh Allah, Pangeran kita, mugi Paduka ngesokaken kesabaran dhumateng kita, sarta mugi Paduka netepaken delamakan kita, tuwin mugi Allah paring pitulung ing kita saged ngawonaken dhumateng sadaya tiyang kafir".

٢٥٠ وَلَمَّا بَرَزُوْا لِجَالُوْتَ وَجُنُوْدِهٖ قَالُوْا رَبَّنَآ اَفْرِغْ
عَلَيْنَا صَبْرًا وَّثَبِّتْ اَقْدَامَنَا وَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ
الْكٰفِرِيْنَ ۝

Wa lammaa barazuu lijaaluuta wa junuudihii qaaluu rabbanaa afrigh 'alainaa shabraw wa tsabbit aqdaamanaa wanshur naa 'alal qaumil kaafiriin.

251. Mangka kalawan idzining Allah, Thalut sawadyabalane bisa mbubarake wadyabalane Jalut, lan Dawud bisa mateni Jalut. Lan Panjenengane maringi marang Dawud pamarentahan lan kawicaksanan, [101] sarta Allah mangertekake marang dheweke, barang kang dadi kaparenging karsaNe, sawuse ajale Thalut. Saupama Allah ora karsa nolak kajudhasaning manungsa kalawan panulak liyane, sanyata Bumi iki rusak, ananging Allah iku kagungan kanugerahan marang wong sajagad rat.

٢٥١ فَهَزَمُوْهُمْ بِاِذْنِ اللّٰهِ ۙ وَقَتَلَ دَاوٗدُ جَالُوْتَ وَ
اٰتٰىهُ اللّٰهُ الْمُلْكَ وَالْحِكْمَةَ وَعَلَّمَهٗ مِمَّا يَشَآءُ ۗ وَ
لَوْلَا دَفْعُ اللّٰهِ النَّاسَ بَعْضَهُمْ بِبَعْضٍ ۙ لَّفَسَدَتِ
الْاَرْضُ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ ذُوْ فَضْلٍ عَلَى الْعٰلَمِيْنَ ۝

Fahazamuuhum bi-idznillaah, wa qatala daawuudu jaaluuta wa aataahullaahul mulka wal hikmata wa 'allamahuu mimmaa yasyaa-u wa laulaa daf'ullaahin naasa ba'dhahum biba'dhil lafasadatil ardhu walaakinnallaaha dzuu fadhlin 'alal 'aalamiin.

252. Kang mangkono mau ayat-ayating Allah, ingsun wacakake marang sira Muham-

٢٥٢ تِلْكَ اٰيٰتُ اللّٰهِ نَتْلُوْهَا عَلَيْكَ بِالْحَقِّ ۗ وَاِنَّكَ لَمِنَ

101). Maksudipun kenabian lan Kitab Zabur.

mad kalawan temen, lan sanyata sira iku kalebu ewoning para Rasul.

الْمُرْسَلِيْنَ ۝

Tilka aayaatullaahi natluuhaa 'alaika bil haqqi, wa innaka laminal mursaliin.

JUZ 3

253. Para Rasul mau ana sawatara kang Ingsun paringi kaluwihan ngungkuli liyane; saweneh Rasul iku ana kang nampa Pangandika saka ngarsaning Allah, lan sawenehe ana kang PanjenengaNe anjunjung pangkate, lan Ingsun wus paring marang 'Isa putrane Maryam pirang-pirang Mu'jizat/tandha yekti, sarta Ingsun wus ngukuhake marang dheweke kalawan roh-suci Jibril. Lan saupama ana karsane Allah, mesthi wong-wong kang padha teka sawuse para Rasul ora padha paten-pinaten, yaiku sawuse pirang-pirang tandha yekti teka marang dheweke, ananging wong-wong mau padha pasulayan panemune. Sawenehe wong mau ana kang iman, lan sawenehe maneh ana kang kafir. Lan saupama dadi karsane Allah mesthi dheweke ora padha paten-pinaten, nanging Allah iku nindakake apa bahe kang dadi kaparenging karsaNe.

٢٥٣- تِلْكَ الرُّسُلُ فَضَّلْنَا بَعْضَهُمْ عَلٰى بَعْضٍ مِنْهُمْ
مَنْ كَلَّمَ اللّٰهُ وَرَفَعَ بَعْضَهُمْ دَرَجٰتٍ ۭ وَاٰتَيْنَا
عِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ الْبَيِّنٰتِ وَاَيَّدْنٰهُ بِرُوْحِ الْقُدُسِ ۭ
وَلَوْ شَاۗءَ اللّٰهُ مَا اقْتَتَلَ الَّذِيْنَ مِنْۢ بَعْدِهِمْ مِّنْۢ
بَعْدِ مَا جَاۗءَتْهُمُ الْبَيِّنٰتُ وَلٰكِنِ اخْتَلَفُوْا فَمِنْهُمْ مَّنْ
اٰمَنَ وَمِنْهُمْ مَّنْ كَفَرَ ۭ وَلَوْ شَاۗءَ اللّٰهُ مَا اقْتَتَلُوْا ۣ
وَلٰكِنَّ اللّٰهَ يَفْعَلُ مَا يُرِيْدُ ۝

Tilkar rusulu fadhdhalnaa ba'dhahum 'alaa ba'dhim minhum man kallamallaahu w arafa'a ba'dhahum darajaat, wa aatainaa 'iisabna maryamal bayyinaati wa ayyadnaahu biruuhil qudus, wa lau syaa-allaahu maqtatalal-ladziina mim ba'dihim mim ba'di maa jaa-at humul bayyinaatu walaakinikhtalafuu faminhum man aamana wa minhum man kafara, wa lau syaa-allaahu maqtataluu wa laakinnallaaha yaf'alu maa yuriid.

254. He para wong Mu'min kabeh, sira padha ndanakna sabagean saka rezeki kang wus Ingsun paringake marang sira ing mangsaning Allah, mupung durung teka dina kang ing kono ora ana dol-tinuku, sarta ora ana memitran, lan ora ana syafa'at,*) dene wong-wong kafir iku padha anganiaya.

٢٥٤- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنْفِقُوْا مِمَّا رَزَقْنٰكُمْ مِّنْ قَبْلِ
اَنْ يَّاْتِيَ يَوْمٌ لَّا بَيْعٌ فِيْهِ وَلَا خُلَّةٌ وَّلَا شَفَاعَةٌ ۭ
وَالْكٰفِرُوْنَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal-ladziina aamanuu anfiquu mimmaa razaqnaakum min qabli ay ya'tiya yaumullaa bai'un fiihi wa laa khuilatuw wa laa syafaa'atuw wal-kaafiruuna humuzh-zhaalimuun.

255. Allah, ora ana Pangeran kang sinembah kajaba mung Panjenengane piyambak kang Sugeng sarta kang Jumeneng Pribadi, Allah iku ora kataman ngantuk lan ora kataman sare, Kagungane Allah samubarang kang ana ing Langit lan samubarang kang

٢٥٥- اَللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ اَلْحَيُّ الْقَيُّوْمُ ۚ لَا تَاْخُذُهٗ سِنَةٌ
وَّلَا نَوْمٌ ۭ لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۭ مَنْ
ذَا الَّذِيْ يَشْفَعُ عِنْدَهٗٓ اِلَّا بِاِذْنِهٖ ۭ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ

*) **Bab syafa'at,** mirsanana ing „Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

ana ing Bumi. Ora ana kang bisa aweh syafa'at ana ing ngarsaning Allah, kajaba manawa oleh palilaHe. Allah iku Ngawuningani samubarang kang ana ing ngarep lan saburine wong-wong mau, dheweke mau ora ana kang padha bisa nglimputi sathithik bahe saka ilmuNe Allah, kajaba barang kang dadi kaparenging Karsane. Jembare kursine Allah [102] iku amot Langit lan Bumi. Panjenengane ora rekaos anggone rumeksa ing sakarone Langit lan Bumi, lan Panjenengane Allah iku Maha Luhur tur Maha Agung.

أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ ۖ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِّنْ
عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ ۚ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ ۖ
وَلَا يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا ۚ وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ ۝

Allaahu laa ilaaha illaa huwal-hayyul-qayyuumu laa ta'khudzuhuu sinatuw wa laa nauum, lahuu maa fis-samaawaati wa maa fil ardhi man dzal-ladzii yasyfa'u 'indahuu illaa bi-idznihii ya'lamu maa bainz aidiihim wamaa khalfahum, walaa yuhiithuuna bisyai-im min 'ilmihii illaa bimaa syaa-a wasi'a kursiyyu hus-samaawaati wal-ardha walaa ya-uuduhuu hifzhuhumaa wa huwal 'aliyyul 'azhiim.

Ora peksan ngrasuk Agama.

256. Ora ana peksan ana ing Agama. Sanyata wus terang entuk Pituduh iku maune saka sasar, mangka sapa kang kafir marang brahala Tagnut [103] tumuli gelem iman ing Allah, yekti dheweke iku wus cecekelan tali kang kukuh-bakuh, ora bakal bisa pedhot, lan Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani.

٢٥٦ لَا إِكْرَاهَ فِي الدِّينِ ۖ قَد تَّبَيَّنَ الرُّشْدُ مِنَ الْغَيِّ ۚ
فَمَن يَكْفُرْ بِالطَّاغُوتِ وَيُؤْمِن بِاللَّهِ فَقَدِ
اسْتَمْسَكَ بِالْعُرْوَةِ الْوُثْقَىٰ لَا انفِصَامَ لَهَا ۗ
وَاللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ۝

Laa ikraaha fid-diini qad tabayyanar-rusydu minal-ghayyi faman yakfur bith-thaaghuuti wa yu'min billaahi faqadis-tamsaka bil'urwatil-wutsqaa lanfishaama lahaa wallaahu samii'un 'aliim.

257. Allah iku dadi Pangayomane para wong kang padha Mu'min, Panjenengane karsa ngentasake wong-wong mau saka pepeteng marang Pepadhang. Ana dene wong kang padha kafir, kang dadi pangayomane wong-wong mau, hiya brahala kang ngetokake dheweke saka pepadhang marang pepeteng. Wong-wong kang kaya mangkono mau padha kapatrapan Neraka ana ing kono bakal padha langgeng.

٢٥٧ اللَّهُ وَلِيُّ الَّذِينَ آمَنُوا يُخْرِجُهُم مِّنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى
النُّورِ ۖ وَالَّذِينَ كَفَرُوا أَوْلِيَاؤُهُمُ الطَّاغُوتُ ۙ
يُخْرِجُونَهُم مِّنَ النُّورِ إِلَى الظُّلُمَاتِ ۗ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ
النَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ۝

Allaahu waliyyul-ladziina aamanuu yukhrijuhum minazh-zhulumaati ilan-nuuri wal-ladziina kafaruu auliyaa-u humuth-thaaghuutu yukhrijuhum minan-nuuri ilazh-zhulumaati ulaa-ika ash-haabun-naari hum fiihaa khaaliduun.

258. Apa sira Muhammad durung mangerti marang Raja Namrud wong kang ambantah Nabi Ibrahim ana ing bab Pangerane, jalaran Allah wus karsa paring marang dheweke Ka-

٢٥٨ أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِي حَاجَّ إِبْرَاهِيمَ فِي رَبِّهِ أَنْ آتَاهُ
اللَّهُ الْمُلْكَ إِذْ قَالَ إِبْرَاهِيمُ رَبِّيَ الَّذِي يُحْيِي وَيُمِيتُ

102) Maksudipun ilmuning Allah, utawi panguwahosipun Allah.

103) Inggih punika syaitan lan punapa kemawon ingkang kasembah-sembah sasanesipun Allah.

rajan? Yaiku ing nalika Nabi Ibrahim ngucap: ,,Pangeranku yaiku kang paring urip lan kang mateni". Raja Namrud mangsuli: ,,Aku uga bisa nguripi lan bisa mateni". Nabi Ibrahim ngucap maneh: ,,Sanyata Allah iku malethekake Srengenge saka Wetan, mara sira malethekna Srengenge iku saka Kulon". Mangka wong kafir mau banjur padha judheg, lan Allah iku ora pisan-pisan karsa paring Pituduh marang wong kang padha nganiaya.

قَالَ اَنَا اُحْيٖ وَاُمِيْتُ ۗ قَالَ اِبْرٰهٖمُ فَاِنَّ اللّٰهَ يَاْتِيْ
بِالشَّمْسِ مِنَ الْمَشْرِقِ فَاْتِ بِهَا مِنَ الْمَغْرِبِ
فَبُهِتَ الَّذِيْ كَفَرَ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِى الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Alam tara ilal-ladzii haajja Ibraahiima fii rabbihii an aataahullaahul mulka idz qaala Ibraahiimu rabbiyal-ladzii yuhyii wa yumiitu qaala ana uhyii wa umiitu qaala Ibraahiimu fa-innallaaha ya'tii bisy-syamsi minal masyriqi fa'ti bihaa minal maghribi fabuhital-ladzii kafara wallaahu laa yahdil qaumazh-zhaalimiin.

Allah anggesangaken maneh wong-wong kang wus mati.

259. Utawa apa sira iku durung mangerti wong kang liwat ana ing sawijining padesan kang wus padha ambruk gedhong-gedhonge? Dheweke ngucap: ,,Kapriye Allah anggone saged anggesangake-makmurake, desa kang wus rusak mati iku?". Mangka Allah banjur amateni ing dheweke lawase satus tahun, tumuli Panjenengane nguripake ing dheweke maneh, Allah banjur paring dhawuh: ,,Wus pirang tahun sira leren ana ing kene?". Unjuk ature: ,,Kendel kula saweg sadinten utawi saweg satugel dinten". Allah paring dhawuh: ,,Anggonira leren ing kene iku wus satus tahun lawase, mara delengen pangan lan omben-ombenira, ngertiya ora padha owah, ora mambu. Lan mara delengen kuldinira kang wus remuk, lan Ingsun bakal andadekake ing sira paluji tumrap para manungsa. Lan delengen balung-balung iku kapriye anggon Ingsun nguripake dheweke, nuli Ingsun ambuntel kalawan daging". Mangka bareng wus terang kahanan mau kabeh tumrap dheweke tumuli celathu: ,,Kula sampun pitados manawi Allah punika Maha Kuwaos ing samudayaning barang-kawontenan".

٢٥٩ اَوْ كَالَّذِيْ مَرَّ عَلٰى قَرْيَةٍ وَّهِيَ خَاوِيَةٌ عَلٰى
عُرُوْشِهَا ۚ قَالَ اَنّٰى يُحْيٖ هٰذِهِ اللّٰهُ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ
فَاَمَاتَهُ اللّٰهُ مِائَةَ عَامٍ ثُمَّ بَعَثَهٗ ۗ قَالَ كَمْ لَبِثْتَ ۗ
قَالَ لَبِثْتُ يَوْمًا اَوْ بَعْضَ يَوْمٍ ۗ قَالَ بَلْ لَّبِثْتَ
مِائَةَ عَامٍ فَانْظُرْ اِلٰى طَعَامِكَ وَشَرَابِكَ لَمْ يَتَسَنَّهْ ۚ
وَانْظُرْ اِلٰى حِمَارِكَ وَلِنَجْعَلَكَ اٰيَةً لِّلنَّاسِ ۚ وَانْظُرْ اِلَى
الْعِظَامِ كَيْفَ نُنْشِزُهَا ثُمَّ نَكْسُوْهَا لَحْمًا ۗ فَلَمَّا تَبَيَّنَ
لَهٗ ۙ قَالَ اَعْلَمُ اَنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Au kal-ladzii marra 'alaa qaryatin wa hiya khaawiyatun 'alaa 'uruusyihaa qaala annaa yuhyii haadzihillaahu ba'da mautihaa fa amaatahullaahu mi-ata 'aamin tsumma ba'atsahu qaala kam labitsta qaala labitstu yauman au ba'dha yaumin qaala bal labitsta mi-ata 'aamin fanzhur ilaa tha'aamika wa syaraabika lam yatasannah, wanzhur ilaa himaarika wa linaj'alaka aayatal linnaasi wanzhur ilal 'izhaami kaifa nunsyizuhaa tsumma naksuuhaa lahmaa falammaa tabayyana lahuu qaala a'lamu annallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

260. Lan ing nalika Nabi Ibrahim munjuk marang Pangerane: ,,Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka nedahna dhumateng kawula, kados pundi Paduka badhe anggesangaken para tetiyang ingkang sampun pejah?" Dhawuhing Allah: ,,Apa sira durung percaya?"

٢٦٠ وَاِذْ قَالَ اِبْرٰهٖمُ رَبِّ اَرِنِيْ كَيْفَ تُحْيِ الْمَوْتٰى ۗ قَالَ
اَوَلَمْ تُؤْمِنْ ۗ قَالَ بَلٰى وَلٰكِنْ لِّيَطْمَئِنَّ قَلْبِيْ ۗ قَالَ
فَخُذْ اَرْبَعَةً مِّنَ الطَّيْرِ فَصُرْهُنَّ اِلَيْكَ ثُمَّ اجْعَلْ

Nabi Ibrahim munjuk maneh: „Inggih sampun pitados, ananging supados manah kawula punika tentrem". Allah paring dhawuh: „Sira anjupuka manuk papat, banjur manuk mau gawenen cumbu marang sira, nuli jejuwingen, banjur sira dokokna ing saben-saben gunung sabagean saka manuk-manuk mau, 104) tumuli undangen, mesthi banjur padha mabur marani ing sira rerikatan. Lan sira padha sumurupa sanyata Allah iku Maha Mulya Maha Wicaksana".

عَلٰى كُلِّ جَبَلٍ مِّنْهُنَّ جُزْءًا ثُمَّ ادْعُهُنَّ يَأْتِيْنَكَ
سَعْيًا ۭ وَاعْلَمْ اَنَّ اللّٰهَ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ۝ ع ٣٥

Wa idz qaala Ibraahiimu Rabbi arinii kaifa tuhyil mautaa; qaala awalam tu'min, qaala balaa walaakil liyathma-inna qalbii, qaala fakhudz arba'atam minaththairi fashurhunna ilaika tsummaj'al 'alaa kulli jabalim minhunna juz'an tsum mad'uhunna ya'tiinaka sa'yan wa'lam annallaaha 'aziizun hakiim.

Nanjakake bandha sarta norma-hukume.

261. Sanepane wong kang padha andanakake bandhane ing Agamaning Allah,105) iku kaya dene sanepane wiji saelas kang nukulake pitung wuli, ing dalem sawuline isi satus wiji, Allah iku karsa anikelake ganjaran marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan Allah iku Maha Jembar, Maha Wikan.

٢٦١- مَثَلُ الَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ اَمْوَالَهُمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ كَمَثَلِ
حَبَّةٍ اَنْۢبَتَتْ سَبْعَ سَنَابِلَ فِيْ كُلِّ سُنْۢبُلَةٍ مِّائَةُ
حَبَّةٍ ۭ وَاللّٰهُ يُضٰعِفُ لِمَنْ يَّشَاۗءُ ۭ وَاللّٰهُ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ۝

Matsalul-ladziina yunfiquuna amwaalahum fii sabiilil-laahi kamatsali habbatin anbatat sab'a sanaabila fii kulli sunbulatin mi-atu habbatin wallaahu yudhaa'ifu limay yasyaa-u wallaahu waasi'un 'aliim.

262. Wong kang padha andanakake bandhane ana ing dedalaning Allah, tumuli barang kang padha didanakake mau tanpa pangundhat-undhat, lan ora nglarakake ati, wong mau bakal padha nampa ganjarane ana ing ngarsaning Pangerane, lan dheweke ora padha kuwatir sarta ora padha susah.

٢٦٢- اَلَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ اَمْوَالَهُمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ثُمَّ لَا
يُتْبِعُوْنَ مَآ اَنْفَقُوْا مَنًّا وَّلَآ اَذًى ۙ لَّهُمْ اَجْرُهُمْ
عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ۝

Alladziina yunfiquuna amwaalahum fii sabiilillaahi tsumma laa yutbi'uuna maa anfaquu mannaw walaa adzallahum ajruhum 'inda rabbihim wa laa khaufun 'alaihim wa laa hum yahzanuun.

263. Nulak wong kang anjejaluk kalawan uni kang prayoga, aris lan pangapura, iku luwih becik tinimbang dedana kang dikantheni nglarakake ati, dene Allah iku Maha Sugih tur Maha Aris.

٢٦٣- قَوْلٌ مَّعْرُوْفٌ وَّمَغْفِرَةٌ خَيْرٌ مِّنْ صَدَقَةٍ يَّتْبَعُهَآ
اَذًى ۗ وَاللّٰهُ غَنِيٌّ حَلِيْمٌ ۝

Qaulum ma'ruufuw wa maghfiratun khairum min shadaqatiy yatba'uhaa adzaw wallaahu ghaniyyun haliim.

104). Pujangga Ahli Tafsir **Abu Muslim Al Ashfahani** anerangaken, bilih Allah paring katerangan sanepan anggenipun Allah anggesangaken malih tiyang-tiyang ingkang sampun pejah benjing dinten Qiyamat.

105). Dedana ing margining Allah punika amurakabi dhumateng kaperluan: pawiyatan, mesjid, griya-sakit, laboratorium ilmiyah, lan sanes-sanesipun usada ibadat-sosial.

٢٦٤. يَاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُبْطِلُوْا صَدَقٰتِكُمْ بِالْمَنِّ
وَالْاَذٰى كَالَّذِىْ يُنْفِقُ مَالَهٗ رِئَآءَ النَّاسِ وَلَا
يُؤْمِنُ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ فَمَثَلُهٗ كَمَثَلِ صَفْوَانٍ
عَلَيْهِ تُرَابٌ فَاَصَابَهٗ وَابِلٌ فَتَرَكَهٗ صَلْدًا ط لَا
يَقْدِرُوْنَ عَلٰى شَىْءٍ مِّمَّا كَسَبُوْا ط وَاللّٰهُ لَا يَهْدِى
الْقَوْمَ الْكٰفِرِيْنَ ٥

264. He para wong Mu'min kabeh, sira aja padha ambatalake sedhekahira kabeh sarana pangundhamana lan nglarakake ati, iku padha karo wong kang andarmakake bandhane mung murih dideleng para manungsa, lan ora iman marang Allah lan Dina Akhir, mungguh sanepane wong mau, kaya upamane watu klimis kang ana lemahe, banjur tinempuh ing udan deres pathes, wasana watune bali klimis maneh. Dheweke ora padha bisa entuk ganjaran apa-apa sathithik bahe, saka barang kang wus padha ditindakake mau, awit Allah ora kepareng nedahake wong kang padha kafir.[106]

Yaa ayyuhal-ladziina aamanuu laa tubthiluu shadaqaatikum bilmanni wal adzaa kal-ladzii yunfiqu maa lahuu ri-aa an-naasi walaa yu'minu bil-laahi wal-yaumil aakhiri famatsaluhuu kamatsali shafwaanin 'alaihi turaabun fa ashaabahuu waabilun fatarakahuu shaldaa, laa yaqdiruuna 'alaa syai-in mimmaa kasabuu, wallaahu laa yahdil qaumal kaafiriin.

٢٦٥. وَمَثَلُ الَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ اَمْوَالَهُمُ ابْتِغَآءَ مَرْضَاتِ
اللّٰهِ وَتَثْبِيْتًا مِّنْ اَنْفُسِهِمْ كَمَثَلِ جَنَّةٍ بِرَبْوَةٍ
اَصَابَهَا وَابِلٌ فَاٰتَتْ اُكُلَهَا ضِعْفَيْنِ ج فَاِنْ لَّمْ يُصِبْهَا
وَابِلٌ فَطَلٌّ ط وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ٥

265. Dene sanepane wong kang padha andanakake bandhane karana amrih karenaning Allah lan karana pangesthi sarta kayakinaning atine, kaya upamane pakebonan ana ing papan dhuwur kang tinempuh udan deres-pathes, banjur ndadekake wohe tikel loro. Dene manawa ora tinempuh ing udan deres hiya tinempuh gerimis, sarta Allah iku Maha Mirsani samubarang kang padha sira tindakake.

Wa matsalul-ladziina yunfiquuna amwaalahumubtighaa-a mardhaatil-laahi wa tats biitam min anfusihim kamatsali jannatim birabwatin ashaabahaa waabilun fa aatat ukulahaa dhi'faini, fa-illam yushibhaa waabilun fathalluw wallaahu bimaa ta'maluuna bashiir.

٢٦٦. اَيَوَدُّ اَحَدُكُمْ اَنْ تَكُوْنَ لَهٗ جَنَّةٌ مِّنْ نَّخِيْلٍ وَّاَعْنَابٍ
تَجْرِىْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ لَهٗ فِيْهَا مِنْ كُلِّ الثَّمَرٰتِ
وَاَصَابَهُ الْكِبَرُ وَلَهٗ ذُرِّيَّةٌ ضُعَفَآءُ ج فَاَصَابَهَآ
اِعْصَارٌ فِيْهِ نَارٌ فَاحْتَرَقَتْ ط كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمُ
الْاٰيٰتِ لَعَلَّكُمْ تَتَفَكَّرُوْنَ ٥ ع ٣٦

266. Apa siji-sijimu kabeh dhemen yenta anduwe pakebonan wit kurma lan anggur, kali-kaline mili ana sangisoring wit-witane, ing kono dheweke andarbeki sakabehaning woh-wohane, ananging dheweke mau wus pikun lan anak putune ringkih-ringkih ora pakra. Wasana pakebonan mau tinempuh barat gedhe kang mawa geni banjur kobong, malih dadi awu kabeh? Kaya mangkono Allah anggone mratelakake ayat-ayate marang sira kabeh supaya sira padha gelem mikir-mikir.

Ayawaddu ahadukum an takuuna lahuu jannatum min nakhiiliw wa a'naabin

106). Usaha-usahanipun tiyang kafir punika boten manfa'at ing Donya, lan boten nampi ganja an ing Akherat.

107). Punika sanepanipun tiyang dedana ibadat sosial karana riya, pamer sarta nyakitaken manah ing ngasanes.

tajrii min tahtihal-anhaaru lahuu fiihaa min kullits-tsamaraati wa ashaabahul kibaru wa lahuu dzurriyyatun dhu'afaa-u fa ashaabahaa i'shaarun fiihi naarun fahtaraqat, kadzaalika yubayyinul-laahu lakumul aayaati la'allakum tatafakkaruun.

267. He, wong kang padha ngestokake, padha andarmakna barang kang becik-becik saka pengasilane anggonira wus padha nyambut gawe lan saka barang kang wus Ingsun wetokake saka Bumi kanggo sira kabeh. Lan aja padha sira pilihake kang ala banjur padha sira darmakake, ing mangka sira dhewe ora padha gelem ngalap barang mau, manawa sira ora padha marem. Lan padha sumurupa sanyata Allah Maha Sugih tur Maha Pinuji.*)

٢٦٧ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنْفِقُوْا مِنْ طَيِّبٰتِ مَا كَسَبْتُمْ
وَمِمَّآ اَخْرَجْنَا لَكُمْ مِّنَ الْاَرْضِ ۖ وَلَا تَيَمَّمُوا الْخَبِيْثَ
مِنْهُ تُنْفِقُوْنَ وَلَسْتُمْ بِاٰخِذِيْهِ اِلَّآ اَنْ تُغْمِضُوْا فِيْهِ ۗ
وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ غَنِيٌّ حَمِيْدٌ ۝

Yaa ayyuhal-ladziina aamanuu anfiquu min thayyibaati maa kasabtum wa mimmaa akhrajnaa lakum minal-ardhi walaa tayammamul-khabiitsa minhu tunfiquuna wa lastum bi aakhidziihi illaa antughmidhuu fiihi wa'lamuu annallaaha ghaniyyun hamiid.

268. Syetan iku ngancam melarat marang sira kabeh lan marintah sira marang laku ala. Dene Allah janji paring pangapura lan kanugrahan marang sira kabeh saka ngarsaNe, Allah iku Maha Jembar tur Maha Ngawuningani.

٢٦٨ اَلشَّيْطٰنُ يَعِدُكُمُ الْفَقْرَ وَيَاْمُرُكُمْ بِالْفَحْشَآءِ ۚ وَاللّٰهُ
يَعِدُكُمْ مَّغْفِرَةً مِّنْهُ وَفَضْلًا ۗ وَاللّٰهُ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ۝

Asy-syaithaanu ya'idukumulfaqra wa ya'murukum bil-fahsyaa-i wal-laahu ya'idukum maghfiratam minhu wa fadhlaa, wal-laahu waasi'un 'aliim.

269. Panjenengane paring kawicaksanan marang wong kang diparengake. Dene sapa bahe kang diparingi kawicaksanan, sanyata pinaringan kabecikan kang akeh. Lan ora ana kang gelem mikir ngalap pitutur, saliyane wong kang padha duwe budi wening.

٢٦٩ يُّؤْتِى الْحِكْمَةَ مَنْ يَّشَآءُ ۚ وَمَنْ يُّؤْتَ الْحِكْمَةَ فَقَدْ
اُوْتِيَ خَيْرًا كَثِيْرًا ۗ وَمَا يَذَّكَّرُ اِلَّآ اُولُوا الْاَلْبَابِ ۝

Yu'til hikmata may-yasyaa-u wa may-yu'tal hikmata faqad uutiya khairan katsiiran wa maa yadz-dzakkaru illaa ulul albaab.

270. Dene dedana kang padha sira danakake utawa ujar-nadzar kang padha sira nadzarake,[108] sanyata mesthi diwuningani dening Allah. Lan tumrap para wong kang anganiaya, ora ana kang bakal mitulungi.

٢٧٠ وَمَآ اَنْفَقْتُمْ مِّنْ نَّفَقَةٍ اَوْ نَذَرْتُمْ مِّنْ نَّذْرٍ فَاِنَّ
اللّٰهَ يَعْلَمُهٗ ۗ وَمَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ اَنْصَارٍ ۝

Wa maa anfaqtum min-nafaqatin au nadzartum min-nadzrin fa-innallaaha ya'lamuhuu wa maa lizh-zhaalimiina min anshaar.

*) Menggah kasugihan ingkang kedah dipun ZAKATI punika bandha awujud arta, raja-brana (pepelikan emas lan salaka), raja-kaya, bandha dagangan, tuwin wulu-wedaling siti (polowija). **Bab ZAKAT**, mirsanana ing „Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

108). **Nadzar** punika janji kangge nindakaken amal bakti ing ngarsaning Allah muhung kumawula sarta dhedhepe ing Panjenenganipun.

271. Manawa sira padha ngedhengake sedhekah, sanyata ngedhengake mau hiya ni'mat banget.[109] Lan manawa sira padha nyamarake[110] lan padha mewehake sedhekah mau marang para wong fakir, sanyata nyamarake mau luwih becik tumraping sira, lan bisa nutupi marang ala-alanira. Dene Allah maspadakake samubarang kang padha sira tindakake.

٢٧١ اِنْ تُبْدُوا الصَّدَقٰتِ فَنِعِمَّا هِيَ ۚ وَاِنْ تُخْفُوْهَا وَ
تُؤْتُوْهَا الْفُقَرَآءَ فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ وَيُكَفِّرُ عَنْكُمْ مِّنْ
سَيِّاٰتِكُمْ ۗ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ۝

In tubdush-shadaqaati fani'immaahiya wa in tukhfuuhaa wa tu'tuuhal-fuqaraa-a fahuwa khairul lakum wa yukaffiru 'ankum min sayyi-aatikum wallaahu bimaa ta'maluuna khabiir.

272. Muhammad, dudu tanggunganira pituduhe wong-wong mau, ananging Allah kang paring Pituduh marang wong kang diparengake. Mungguh kabecikan kang padha sira danakake, sanyata ganjarane hiya mung kanggo awakira dhewe-dhewe. Lan sira ora padha dedana, kajaba mung murih sarirane Allah, dene kabecikan kang padha sira danaake mau, mesthi ganjarane bakal diparingake marang sira, lan sira ora padha dikaniaya.

٢٧٢ لَيْسَ عَلَيْكَ هُدٰىهُمْ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ يَهْدِيْ مَنْ يَّشَآءُ ۗ
وَمَا تُنْفِقُوْا مِنْ خَيْرٍ فَلِاَنْفُسِكُمْ ۗ وَمَا تُنْفِقُوْنَ اِلَّا
ابْتِغَآءَ وَجْهِ اللّٰهِ ۗ وَمَا تُنْفِقُوْا مِنْ خَيْرٍ يُّوَفَّ اِلَيْكُمْ
وَاَنْتُمْ لَا تُظْلَمُوْنَ ۝

Laisa 'alaika hudaa hum wa laakinnallaaha yahdii man yasyaa-u wa maa tunfiquu min khairin fali-anfusikum wa maa tunfiquuna illabtighaa-a wajhillaahi wa maa tunfiquu min khairin yuwaffa ilaikum wa antum laa tuzhlamuun.

273. Darma mau diwenehna para wong fakir-melarat kang padha katungkul labuh ana ing dedalan Agamaning Allah, ora padha bisa lelungan golek rezeki ana Bumi. Mungguhe wong bodho-bodho sing ora padha mangerti padha dikira sugih-sugih sabab dening perwirane. Sira weruh wong-wong mau sarana tetengere. Dheweke mau ora andremis padha anjejaluk marang para manungsa. Dene kabecikan kang padha sira danakake mau sanyata diwuningani dening Allah.

٢٧٣ لِلْفُقَرَآءِ الَّذِيْنَ اُحْصِرُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ لَا يَسْتَطِيْعُوْنَ
ضَرْبًا فِي الْاَرْضِ ۖ يَحْسَبُهُمُ الْجَاهِلُ اَغْنِيَآءَ مِنَ
التَّعَفُّفِ ۚ تَعْرِفُهُمْ بِسِيْمٰهُمْ ۚ لَا يَسْـَٔلُوْنَ النَّاسَ
اِلْحَافًا ۗ وَمَا تُنْفِقُوْا مِنْ خَيْرٍ فَاِنَّ اللّٰهَ بِهٖ عَلِيْمٌ ۝

Lil fuqaraa-il-ladziina uhshiruu fii sabiilillaahi laa yastathii'uuna dharban fil-ardhi yahsabuhumul jaahilu aghniyaa-a minat-ta'affufi ta'rifuhum bisiimaahum laa yasaluunannaasa ilhaafaa, wa maa tunfiquu min khairin fa-innallaaha bihii 'aliim.

274. Dene wong kang padha gelem andanaake bandhane ana ing wayah bengi lan awan sarana sesamaran utawa dhengdhengan, mesthi dheweke bakal nampa ganjarane ana ngarsaning Pangerane. Lan ora ana kuwatir tumrape wong mau lan wong mau ora padha susah.

٢٧٤ اَلَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ اَمْوَالَهُمْ بِالَّيْلِ وَالنَّهَارِ سِرًّا وَّ
عَلَانِيَةً فَلَهُمْ اَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ
وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ۝

Alladziina yunfiquuna amwaalahum billaili wannahaari sirraw wa'alaaniyatan falahum ajruhum 'inda rabbihim wa laa khaufun 'alaihim wa laahum yahzanuun.

109). Ngedhengaken sedhekah supados dipun conto-tuladha.

110). Sedhekah dipun samaraken supados boten riya, utawi boten nyakitaken manahipun ingkang dipun paringi.

Hukum riba

٢٧٥ اَلَّذِيْنَ يَاْكُلُوْنَ الرِّبٰوا لَا يَقُوْمُوْنَ اِلَّا كَمَا يَقُوْمُ الَّذِيْ
يَتَخَبَّطُهُ الشَّيْطٰنُ مِنَ الْمَسِّ ۭ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ قَالُوْٓا اِنَّمَا
الْبَيْعُ مِثْلُ الرِّبٰوا ۘ وَاَحَلَّ اللّٰهُ الْبَيْعَ وَحَرَّمَ الرِّبٰوا ۭ
فَمَنْ جَاۗءَهٗ مَوْعِظَةٌ مِّنْ رَّبِّهٖ فَانْتَهٰى فَلَهٗ مَا سَلَفَ ۭ
وَاَمْرُهٗٓ اِلَى اللّٰهِ ۭ وَمَنْ عَادَ فَاُولٰۗىِٕكَ اَصْحٰبُ النَّارِ ۚ
هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ٥

275. Dene wong kang padha mangan riba[111] ora padha bisa tangi saka kubure. kajaba kaya dene tangine wong kang sinambed ing syetan sabab kranjingan.[112] Kang mangkono mau awit dheweke padha celathu: „Sanyata dodolan iku padha bahe karo riba" Ananging Allah ngalalake-nglilani dodolan, lan ngaramake-nglarangi riba. Dene sapa kang wus katekanan pitutur saka Pangerane banjur leren, barang kang wus[113] kliwat hiya dadi wewenange-darbeke. Dene prakarane kunjuk marang ngarsaning Allah. Lan sapa kang ambaleni mangan riba, sanyata dheweke dadi kancane Neraka, ana ing kono dheweke padha langgeng.

Alladziina ya'kuluunarribaa laa yaquumuuna illaa kamaa yaquumul-ladzii yatakhabbathuhusy-syaithaanu minal massi dzaalika bi-annahum qaaluu innamal-bai'u mitslur-ribaa wa ahallallaahul-bai'a waharramar-ribaa faman jaa-ahuu mau'izhatun min rabbihii fantahaa falahuu maa salafa wa amruhuu ilallaahi wa man 'aada fa-ulaa-ika ash-haabunnaari hum fiihaa khaaliduun.

٢٧٦ يَمْحَقُ اللّٰهُ الرِّبٰوا وَيُرْبِي الصَّدَقٰتِ ۭ وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ
كُلَّ كَفَّارٍ اَثِيْمٍ ٥

276. Allah nglebur berkahing bandha riba, lan nikelake berkahing sedhekah. Dene Allah iku ora remen marang sakabehing wong kafir tur dosa.

Yamhaqullaahur-ribaa wa yurbish-shadaqaati wallaahu laa yuhibbu kulla kaffaarin 'atsiim.

٢٧٧ اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ وَاَقَامُوا الصَّلٰوةَ
وَاٰتَوُا الزَّكٰوةَ لَهُمْ اَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ وَلَا خَوْفٌ
عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ٥

277. Sanyata wong kang padha percaya lan padha gelem nindakake amal kabecikan lan padha gelem ngedegake Sholat lan padha gelem bayar Zakat, mesthi dheweke bakal padha nampa ganjarane, ana ngarsaning Pangerane, lan wong mau ora padha kuwatir lan wong mau ora padha susah.

Innalladziina aamanuu wa'amilush-shaalihaati wa aqaamush-shalaata wa aataawuzzakaata lahum ajruhum 'inda rabbihim wa laa khaufun 'alaihim wa laa hum yahzanuun.

٢٧٨ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ وَذَرُوْا مَا بَقِيَ مِنَ

278. He, wong kang padha ngestokake, padha wedia ing Allah lan padha ninggala tung-

111). Riba wonten warni kalih, nasi-ah lan fadhl. Nasi-ah punika pembayaran langkung ingkang dipun syarataken dening ingkang nyambuti. Dene riba fadhl punika lelintu langkung saking satunggaling barang sajenis ingkang dipun syarataken dening tiyang nglintokaken, kadosdene emas, perak, beras, gandum, sarem. Riba ingkang dipun kersakaken ing ayat punika riba nasi-ah ingkang tikel-matikel ing zaman Arab Jahiliyah.

112). Kranjingan ing ngriki kadosdene tiyang kaganggu urat syaraf, sabab manahipun tiyang ingkang mendhet riba punika tansah boten tentrem.

113). Ingkang sampun kalajeng, tegesipun riba ingkang sampun dipun pendhet saderengipun tumurun-ing ayat punika kenging boten dipun wangsulaken.

gakane riba, manawa sira pancen padha Mu'min.

الرِّبٰٓوا اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ۝

Yaa ayyuhalladziina aamanut-taqullaaha wa dzuuruu maa baqiya minar-ribaa inkuntum mu'miniin.

279. Dene manawa sira ora padha gelem nindakake dhawuh ninggal riba, mara padha nantanga perang marang Allah lan Utusane. Dene manawa sira padha gelem tobat, banjur duwekira mung pokok-pawitane bandhanira. Sira ora padha kalebu nganiaya, lan ora padha dikaniaya.

٢٧٩ فَاِنْ لَّمْ تَفْعَلُوْا فَاْذَنُوْا بِحَرْبٍ مِّنَ اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ ۚ وَاِنْ تُبْتُمْ فَلَكُمْ رُءُوْسُ اَمْوَالِكُمْ ۚ لَا تَظْلِمُوْنَ وَلَا تُظْلَمُوْنَ ۝

Fa-il lam taf'aluu fa'dzanuu biharbim minallaahi wa rasuulihii wa-in tubtum falakum ru-uusu amwaalikum laa tazhlimuuna wa laa tuzhlamuun.

280. Lan manawa kahanane wong kang utang iku pinuju rupeg, ngrekasa, iku srantekna ing wektune longgar. Lan padha darmakna bahe, iku kang luwih becik tumraping sira kabeh, yen sira pancen padha mangerti.

٢٨٠ وَاِنْ كَانَ ذُوْ عُسْرَةٍ فَنَظِرَةٌ اِلٰى مَيْسَرَةٍ ۭ وَاَنْ تَصَدَّقُوْا خَيْرٌ لَّكُمْ ۘ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ۝

Wa in kaana dzuu 'usratin fanazhiratun ilaa maisaratin, wa an tashaddaquu khairul lakum in kuntum ta'lamuun.

281. Lan padha wedia ing dina kang sira padha disowanake marang ngarsaning Allah, banjur ing kono sakabehing awak ditetepi piwalese prakara kang wus ditindakake, lan dheweke mau ora dianiaya.

٢٨١ وَاتَّقُوْا يَوْمًا تُرْجَعُوْنَ فِيْهِ اِلَى اللّٰهِ ۡ ثُمَّ تُوَفّٰى كُلُّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ۝

Wattaquu yauman turja'uuna fiihi ilallaahi tsumma tuwaffaa kullu nafsin maa kasabat wa hum laa yuzhlamuun.

Kasaksian ing patembayan — mu'amalah. [114]

282. He, para wong Mu'min kabeh, manawa sira padha utang kapiutang tumeka semaya kang ditemtokake, iku padha sira tulisana, lan supaya si jurutulis nulisi perjanjian kang ana ing antaranira kalawan adil, sarta maneh jurutulis mau aja emoh manawa nulisi, kaya anggone Allah wus mangertekake marang dheweke. Mangka supaya dheweke nulisi lan supaya kang duwe utang mau nganggitake layange lan supaya taqwa ing Allah Pangerane, lan aja pisan-pisan ngurangi sathithik bahe saka utange. Mangka manawa wong kang utang mau bodho utawa apes, utawa maneh ora bisa nganggit dhewe, supaya waline kang nganggitake kalawan adil lan sira padha neksekna ing saksi loro saka

٢٨٢ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا تَدَايَنْتُمْ بِدَيْنٍ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى فَاكْتُبُوْهُ ۭ وَلْيَكْتُبْ بَّيْنَكُمْ كَاتِبٌۢ بِالْعَدْلِ ۠ وَلَا يَاْبَ كَاتِبٌ اَنْ يَّكْتُبَ كَمَا عَلَّمَهُ اللّٰهُ فَلْيَكْتُبْ ۚ وَلْيُمْلِلِ الَّذِيْ عَلَيْهِ الْحَقُّ وَلْيَتَّقِ اللّٰهَ رَبَّهٗ وَلَا يَبْخَسْ مِنْهُ شَيْـــًٔا ۭ فَاِنْ كَانَ الَّذِيْ عَلَيْهِ الْحَقُّ سَفِيْهًا اَوْ ضَعِيْفًا اَوْ لَا يَسْتَطِيْعُ اَنْ يُّمِلَّ هُوَ فَلْيُمْلِلْ وَلِيُّهٗ بِالْعَدْلِ ۭ وَاسْتَشْهِدُوْا شَهِيْدَيْنِ مِنْ رِّجَالِكُمْ ۚ فَاِنْ لَّمْ يَكُوْنَا رَجُلَيْنِ فَرَجُلٌ وَّامْرَاَتٰنِ مِمَّنْ تَرْضَوْنَ

114). Upami sade tinumbas, utang kapiutang, sewa, pemasaran modal, deposito, asuransi, inden, lss.

مِنَ الشُّهَدَآءِ اَنْ تَضِلَّ اِحْدٰىهُمَا فَتُذَكِّرَ اِحْدٰىهُمَا
الْاُخْرٰى ۚ وَلَا يَاْبَ الشُّهَدَآءُ اِذَا مَا دُعُوْا ۚ وَلَا تَسْـَٔمُوْٓا
اَنْ تَكْتُبُوْهُ صَغِيْرًا اَوْ كَبِيْرًا اِلٰٓى اَجَلِهٖ ۚ ذٰلِكُمْ اَقْسَطُ
عِنْدَ اللّٰهِ وَاَقْوَمُ لِلشَّهَادَةِ وَاَدْنٰٓى اَلَّا تَرْتَابُوْٓا اِلَّآ اَنْ
تَكُوْنَ تِجَارَةً حَاضِرَةً تُدِيْرُوْنَهَا بَيْنَكُمْ فَلَيْسَ عَلَيْكُمْ
جُنَاحٌ اَلَّا تَكْتُبُوْهَا ۗ وَاَشْهِدُوْٓا اِذَا تَبَايَعْتُمْ ۪ وَلَا
يُضَآرَّ كَاتِبٌ وَّلَا شَهِيْدٌ ۗ وَاِنْ تَفْعَلُوْا فَاِنَّهٗ فُسُوْقٌۢ
بِكُمْ ۗ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۗ وَيُعَلِّمُكُمُ اللّٰهُ ۗ وَاللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ
عَلِيْمٌ ۝

wong lanangira, yen ora ana wong lanang loro, kena nganggo wong lanang siji karo wong wadon loro kang padha sira lilani dadi saksi; manawa lali salah sijine saka wong loro mau, sijine bisa ngelingake ing liyane. Lan saksi-saksi mau aja emoh manawa diundang, lan aja padha bosen nulisi sanajan mung barang kang remeh utawa barang kang gedhe, nganti tumeka titi mangsane ambayar utang. Kang mangkono iku luwih adil mungguhing Allah lan luwih nguwatake paseksen, apa dene luwih cerak marang ilanging kamamang an, kajaba manawa dagangan kontan, kang padha sira lakokake ana ing antaranira kabeh, mangka ora dosa tumrap sira kabeh manawa sira ora padha nulisi. Lan sira padha nyeksekna kalane sira padha dol tinuku, lan aja direkasakake juru tulis utawa wong kang dadi saksi. Manawa sira padha nindakake mangkono, mangka sanyata iku duraka tumrap sira kabeh. Lan sira padha ditaqwa ing Allah, lan Allah wus paring piwulang marang sira kabeh, lan Allah iku Maha Ngawuningani ing samubarang prakara.

Yaa ayyuhal-ladziina aamanuu idzaa tadaa yantum bi-dainin ilaa ajalim musamman faktubuuhu walyaktub bainakum kaatibum bil 'adli wa laa ya'ba kaatibun an yaktuba kamaa 'allamahullaahu falyaktub wal yumlilil-ladzii 'alaihil haqqu wal yattaqillaaha rabbahuu wa laa yabkhas minhu syai-aa, fa-in kaanal-ladzii 'alaihil-haqqu safiihan au dha'iifan au laa yastathii'u ay yumilla huwa fal yumlil waliyyuhuu bil 'adli, wastasyhiduu syahiidaini mir-rijaalikum fa-illam yakuunaa rajulaini farajuluw wamra-ataani mimman tardhauna minasy-syuhadaa-i an tadhilla ihdaahumaa fatudzakkira ihdaa humal-ukhraa, wa laa ya'basy-syuhadaa-u idzaa maa du'uu, wa laa tas-amuu an taktubuuhu shaghiiran au kabiiran ilaa ajalihii, dzaalikum aqsathu 'indallaahi wa aqwamu lisysyahaadati wa adnaa allaa tartaabuu illaa an takuuna tijaaratan haadhiratan tudiiruunahaa bainakum falaisa 'alaikum junaahun allaa taktubuuhaa, wa asyhiduu idzaa tabaaya'tum wa laa yudhaarra kaatibuw wa laa syahiidun wa in taf'aluu fa-innahuu fusuuqum bikum, wattaqullaaha, wa yu'allimukumullaah, wallaahu bikulli syai-in 'aliim.

٢٨٣ وَاِنْ كُنْتُمْ عَلٰى سَفَرٍ وَّلَمْ تَجِدُوْا كَاتِبًا فَرِهٰنٌ
مَّقْبُوْضَةٌ ۗ فَاِنْ اَمِنَ بَعْضُكُمْ بَعْضًا فَلْيُؤَدِّ الَّذِى
اؤْتُمِنَ اَمَانَتَهٗ وَلْيَتَّقِ اللّٰهَ رَبَّهٗ ۗ وَلَا تَكْتُمُوا الشَّهَادَةَ ۗ
وَمَنْ يَّكْتُمْهَا فَاِنَّهٗٓ اٰثِمٌ قَلْبُهٗ ۗ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ
عَلِيْمٌ ۝

283. Lan manawa sira ana ing sajeroning lelungan, mangka sira ora padha bisa oleh juru tulis, iku kena nganggo gadhen kang tinampanan. 115). Mangka manawa sawenehira percaya marang sawenehe, wong kang pinitaya mau supaya nekakake barang kang pinercayakake (titipan), lan supaya dheweke taqwa ing Allah Pangerane. Lan sira kabeh

115). Tegesipun barang tanggelan (borg) ingkang dipun cepeng dening ingkang motangaken.

aja padha ngumpetake paseksen, mangka sing sapa wonge ngumpetake paseksen, sanyata dheweke iku dosa atine. Dene Allah iku Maha Ngawuningani ing kabeh barang kang padha sira tindakake.

Wa inkuntum 'alaa safariw wa lam tajiduu kaatiban farihaanum maqbuudhatun fa-in amina ba'dhukum ba'dhan falyu-addilladzi'tumina amaanatahuu walyattaqil laaha rabbahuu wa laa taktumusy-syahaadata wa may yaktumhaa fa-innahuu aatsimun qalbuhuu wallaahu bimaa ta'maluuna 'aliim.

Paring pangalembananing Allah marang wong Mu'min, puji, sarta panuwuning do'a.

284. Kagungane Allah kabeh barang kang ana ing Langit, lan ing Bumi. Lan manawa sira padha nglahirake barang kang ana sajeroning atinira utawa sira padha nyamarake, yekti Allah bakal ngetung kalawan barang iku marang sira kabeh. Tumuli Panjenengane paring pangapura marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan nyiksa marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, Allah iku Maha Kuwasa ing sakabehing barang.

٢٨٤. لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۗ وَاِنْ تُبْدُوْا مَا فِيْٓ اَنْفُسِكُمْ اَوْ تُخْفُوْهُ يُحَاسِبْكُمْ بِهِ اللّٰهُ ۗ فَيَغْفِرُ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيُعَذِّبُ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Lillaahi maa fis samaawaati wa maa fil-ardhi wa in-tubduu maa fii anfusikum au tukhfuu-hu yuhaasibkum bihillaahu fayaghfiru limay yasyaa-u wa yu'adzdzibu may yasyaa-u wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

285. Kanjeng Rasul lan para wong Mu'min padha ngestokake barang kang diturunake saka ngarsaning Pangerane, marang Panjenengane. Kabeh mau uga padha ngestokake marang Allah lan para Malaikate lan Kitab-Kitabe lan para Utusane. Ature: "Kita boten mbedakaken antawisipun satunggal kemawon saking Utusaning Allah". Lan padha ngucap: "Dhuh Allah, kula sadaya sampun sami mireng tuwin sami angestokaken, dhuh Pangeran kita, mugi Paduka angapuntena dhumateng kula sadaya, lan dhumateng ngarsa Paduka piyambak, kula sadaya badhe sami sowan".

٢٨٥. اٰمَنَ الرَّسُوْلُ بِمَآ اُنْزِلَ اِلَيْهِ مِنْ رَّبِّهٖ وَالْمُؤْمِنُوْنَ ۗ كُلٌّ اٰمَنَ بِاللّٰهِ وَمَلٰۤئِكَتِهٖ وَكُتُبِهٖ وَرُسُلِهٖ ۗ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ اَحَدٍ مِّنْ رُّسُلِهٖ ۗ وَقَالُوْا سَمِعْنَا وَاَطَعْنَا ۗ غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَاِلَيْكَ الْمَصِيْرُ ۝

Aamanar-rasuulu bimaa unzila ilaihi mir-rabbihii wal mu'minuuna kullun aamana billaahi wa malaa-ikatihii wa kutubihii wa rusulihii laa nufarriqu baina ahadim mir rusulihii wa qaaluu sami'naa wa atha'naa ghufraanaka rabbanaa wa ilaikal mashiir.

286. Allah ora merdi sawijining awak kajaba sakuwate. Dheweke bakal nampa ganjarane kabecikan kang wus ditindakake lan anyangga siksane dosa kang wus dilakoni. Dhuh Pangeran kula, Paduka mugi sampun matrapi ing kula, manawi kula supe utawi kalepatan ingkang boten kita jarag, dhuh Pangeran kula, Paduka mugi sampun ngrawataken rembatan dhumateng kita, kados anggen Paduka ngawrataken rembatan dhumateng tetiyang ingkang sadereng kita. Dhuh Pangeran kita,

٢٨٦. لَا يُكَلِّفُ اللّٰهُ نَفْسًا اِلَّا وُسْعَهَا ۗ لَهَا مَا كَسَبَتْ وَعَلَيْهَا مَا اكْتَسَبَتْ ۗ رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَآ اِنْ نَّسِيْنَآ اَوْ اَخْطَاْنَا ۚ رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَآ اِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهٗ عَلَى الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِنَا ۚ رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهٖ ۚ وَاعْفُ عَنَّا ۗ وَاغْفِرْ لَنَا ۗ وَارْحَمْنَا ۗ اَنْتَ مَوْلٰىنَا فَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكٰفِرِيْنَ ۝

Paduka mugi sampun ngrembataken dhumateng kita; barang ingkang kita boten kuwawi ngrembat. Paduka mugi nglebura ing kalepatan kita saha mugi paring pangapunten dhumateng kita. Paduka punika Bendara kula, Paduka mugi paring pitulung dhumateng kita sami ngawonaken sadaya tiyang kafir.***)

Laa yukalliful-laahu nafsan illaa wus'ahaa lahaa maa kasabat wa 'alaihaa maktasabat rabbanaa laa tu-aakhidznaa in-nasiinaa au akhtha'naa rabbanaa wa laa tahmil 'alainaa ishran kamaa hamaltahuu 'alal-ladziina min qablinaa rabbanaa wa laa tuhammilnaa maa laa thaaqata lanaa bihii wa'fu 'annaa waghfir lanaa warhamnaa anta maulaanaa fanshurnaa 'alal qaumil kaafiriin.

***). Nyinau sarana dipun tandhing (Comparative study of Qur'an) punika kathah sanget manfa'atipun, kados ing ngandhap punika kita damel tetimbangan antawisipun Surat Ali 'Imron kaliyan Surat Al Baqarah, makaten:

1. Surat Ali 'Imron dipun wiwiti sarana dhawuh supaya taqwa ing Allah, dene manawi Surat Al Baqarah dipurwakani sarana katerangan **sifat-sifatipun tiyang ingkang taqwa ing Allah.**
2. Surat Ali 'Imron dipun pungkasi sarana nenuwun dhumateng Allah supados paring ganjaran 'amal shaleh ingkang sampun katindakaken, dene manawi Surat Al Baqarah dipun sampuni sarana panuwun **mugi Allah karsa paring pangaksama 'amal ingkang khilaf utawi kalintu** salebetipun anggayuh ta'at dhumateng Allah S.W.T.
3. Surat Ali 'Imron anerangaken wiyosipun andika Nabi 'Isa a.s. tanpa Rama, dene wonten Surat Al Baqarah heyang Nabi Adam a.s. dipun kersakaken dening Allah S.W.T. tumitah tanpa Rama lan Ibu.
4. Khusus wonten ing Surat Al Baqarah dipun terangaken **Da'wah Islamiyah** tumuju dhumateng ummat Islam, ummat Ahli Kitab, lan tiyang musyrikin. Makaten ugi dhawuhaken kuwajiban Shalat, dedana Zakat, 'ibadah Shiyam, 'ibadah Hajji tuwin 'Umrah, hukum qishash, bab-bab ingkang halal lan haram, dedana Sabilillah, hukum arak lan main, caranipun ngupakara lare Yatim, pepacuh riba, bab sambut-sinambut, nafakah sarta ingkang nampi nafakah, washiyat dhumateng Ibu-Bapa lan sanak sadherek, hukum sumpah, kuwajiban dumugekaken amanat, bab sihir, hukum ngrisak Mesjid, hukumipun ngrebah Kitab-Kitabipun Allah, hukumipun haidh, 'iddah, thalak, lan khulu' sarta ilaa', hukumipun susuan, nglamar, maskawin, larangan nikah kaliyan wanita musyrik lan kosok wangsulipun, sarta hukum peperangan.

ALI 'IMRAN (KULAWARGA 'IMRAN)

Surat kaping 3 : 200 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, tumurun sawuse surat Al Anfal.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah lan Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir-rahmaanir-rahiim.

1. Alif laam miim (hamung Allah piyambak kang priksa maksude).

١ - الٓمّٓ ۝

Alif Laam Miim.

2. Panjenengane Allah, ora ana Pangeran kang sinembah kajaba mung Panjenengane piyambak, kang Sugeng sarta kang Jumeneng Pribadi. 116)

٢ - اللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّوْمُ ۝

Allaahu laa ilaaha illaa huwal hayyul qayyuum

3. Panjenengane wus nurunake Kitab Al Quraan kalawan bener, kang ambenerake marang Kitab-Kitab kang sadurunge, lan Panjenengane uga wus nurunake Kitab Taurat lan Kitab Injil.

٣ - نَزَّلَ عَلَيْكَ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ وَاَنْزَلَ التَّوْرٰىةَ وَالْاِنْجِيْلَ ۝

Nazzala 'alaikal-kitaaba bilhaqqi mushaddiqal limaa baina yadaihi wa anzalattauraata wal-injiil.

4. Diturunake sadurunging Al Quraan, dadi pituduh marang para manungsa, lan Panjenengane nurunake Furqaan kang misah antarane barang kang bener tuwin barang kang batal, sanyata wong kang padha kafir ing ayat-ayating Allah dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang abot. Dene Allah iku Maha Mulya sarta Kagungan siksa.

٤ - مِنْ قَبْلُ هُدًى لِّلنَّاسِ وَاَنْزَلَ الْفُرْقَانَ ۗ اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيْدٌ ۗ وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ ذُو انْتِقَامٍ ۝

Min qablu hudal linnaasi wa anzalal-furqaana innal-ladziina kafaruu bi-aayaatillaahi lahum 'adzaabun syadiidun wallaahu 'aziizun dzun-tiqaam.

5. Sanyata Allah iku tumrap Panjenengane, kabeh barang kang ana ing Bumi lan ana ing Langit, sethithik wahe ora kasamaran.

٥ - اِنَّ اللّٰهَ لَا يَخْفٰى عَلَيْهِ شَيْءٌ فِى الْاَرْضِ وَلَا فِى السَّمَآءِ ۝

116). Maksudipun tansah Jumeneng pribadi, boten ambetahaken pitulungan ing ngasanes, malah Allah s.w.t. punika tansah dipun suwuni Berkah Karokhmatanipun dening makhluk sadaya.

Innallaaha laa yakhfaa 'alaihi syai-un fil-ardhi wa laa fis-samaa'.

6. Panjenengane iku kang namtokake rupanira wiwit ana ing sajeroning peranakan, miturut kang dadi keparenging karsaNe. Ora ana Pangeran kang sinembah kajaba mung Panjenengane piyambak, kang Maha Mulya sarta Maha Wicaksana.

٦- هُوَ الَّذِي يُصَوِّرُكُمْ فِي الْأَرْحَامِ كَيْفَ يَشَاءُ ۚ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ۝

Huwal-ladzii yushawwirukum fil-arhaami kaifa yasyaa-u laa ilaaha illaa huwal 'aziizul-hakiim.

7. Panjenengane kang nurunake marang sira Muhammad Kitab Al Quraan, ing kono ana ayat-ayate kang cetha,[117] yaiku dadi baboning Kitab, lan ana uga liyane ayat-ayat kang madha rupa. [118] Ana dene wong kang atine padha menceng, banjur padha manut ayat kang sarupa, karana mamrih fitnah lan murih disurasa sakarepe dhewe. Mangka ora ana kang bisa mangerti surasane ayat kang sarupa mau, kajaba mung Allah piyambak. Ana dene wong kang wus padha kukuh kawruhe padha matur: "Kita sami pitados dhumateng Quraan, sadaya punika terang saking ngarsanipun Allah Pangeran kita". Lan ora padha gelem eling kajaba mung wong kang padha duwe akal".

٧- هُوَ الَّذِي أَنْزَلَ عَلَيْكَ الْكِتَابَ مِنْهُ آيَاتٌ مُحْكَمَاتٌ هُنَّ أُمُّ الْكِتَابِ وَأُخَرُ مُتَشَابِهَاتٌ ۖ فَأَمَّا الَّذِينَ فِي قُلُوبِهِمْ زَيْغٌ فَيَتَّبِعُونَ مَا تَشَابَهَ مِنْهُ ابْتِغَاءَ الْفِتْنَةِ وَابْتِغَاءَ تَأْوِيلِهِ ۗ وَمَا يَعْلَمُ تَأْوِيلَهُ إِلَّا اللَّهُ ۗ وَالرَّاسِخُونَ فِي الْعِلْمِ يَقُولُونَ آمَنَّا بِهِ كُلٌّ مِنْ عِنْدِ رَبِّنَا ۗ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّا أُولُو الْأَلْبَابِ ۝

Huwal-ladzii anzala 'alaikal kitaaba minhu aayaatum muhkamaatun hunna ummul kitaabi wa ukharu mutasyaabihaat, fa-ammal-ladziina fii quluubihim zaighun fayattabi'uuna maa tasyaabaha minhubtighaa-al fitnati wabtighaa-a ta'wiilihi wa maa ya'lamu ta'wiilahuu illallaahu warraasihuuna fil-'ilmi yaquuluuna aamannaa bihii kullum-min 'indi rabbinaa, wa maa yadzdzakkaru illaa ulul albaab.

8. "Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka sampun malencengaken manah kita sasampunipun Paduka paring pitedah dhumateng kita, lan mugi Paduka paring sih rakhmat dhumateng kita saking ngarsa Paduka, Saestu Paduka punika Pangeran ingkang kathah peparingipun".

٨- رَبَّنَا لَا تُزِغْ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ رَحْمَةً ۚ إِنَّكَ أَنْتَ الْوَهَّابُ ۝

Rabbanaa laa tuzigh quluubanaa ba'da idz hadaitanaa wa hab lanaa mil-ladunka rahmatan innaka antal-wahhaab.

9. "Dhuh Pangeran kita, Saestu Paduka badhe ngempalaken para manungsa wonten ing dinten Qiyamat ingkang sampun boten wonten semang-semang malih, saestu Allah boten nyulayani ing janji".

٩- رَبَّنَا إِنَّكَ جَامِعُ النَّاسِ لِيَوْمٍ لَا رَيْبَ فِيهِ ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يُخْلِفُ الْمِيعَادَ ۝

Rabbanaa innaka jaami'un-naasi li-yaumil laa raiba fiihi innallaaha laa yukhliful mi'aad.

---

117). Punika ayat **muhkamaat**, tegesipun cetha, gamblang, lan gampil kafaham.

118). Ingkang anyami rupi, punika ayat **musytabihaat**, tegesipun isi pinten-pinten artos, lan boten saged katamtokaken artos ingkang dipun maksud, kajawi sasampunipun dipun research sarana panaliti anjelimet; utawi ayat-ayat ingkang sambetan kawontenan ghaib, suwarga, naraka, qiyamat, wot ogal-agil ing oro-oro makhsar, lss.

Daya pangaribawa bandha Kadonyan, lan ancamaning Allah marang wong kafir.

10. Sanyata wong kang padha kafir iku bandhane lan anak-anake ora bakal bisa nulak saka siksaning Allah sathithik-thithika. Wong kang mangkono iku bakal padha dadi urub-urubing Naraka.

١٠- إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا لَن تُغْنِيَ عَنْهُمْ أَمْوَالُهُمْ وَلَا أَوْلَادُهُم مِّنَ اللَّهِ شَيْئًا ۖ وَأُولَٰئِكَ هُمْ وَقُودُ النَّارِ ۝

Innal-ladziina kafaruu lan tughniya 'anhum amwaaluhum wa laa aulaaduhum minal-laahi syai-aw wa ulaa-ika hum wa quudun-naar.

11. Kaya adat sabene kawula-wargane Fir'aun lan wong-wong kang sadurunge mau padha maido anggorohake ayat-ayat Ingsun, Allah banjur nyiksa ing wong-wong mau jalaran saka dosane, lan Allah iku abot banget panyiksane.

١١- كَدَأْبِ آلِ فِرْعَوْنَ وَالَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا ۖ فَأَخَذَهُمُ اللَّهُ بِذُنُوبِهِمْ ۗ وَاللَّهُ شَدِيدُ الْعِقَابِ ۝

Ka-da'bi aali fir'auna walladziina min qablihim kadzdzabuu bi-aayaatinaa fa akhadza humul-laahu bi-dzunuubihim, wallaahu syadiidul 'iqaab.

12. Dhawuha sira Muhammad, marang wong kang padha kafir: "Sira kabeh bakal padha dikalahake lan sira kabeh bakal padha digiring marang Naraka Jahanam, yaiku alaalane lemek (panggonan).

١٢- قُل لِّلَّذِينَ كَفَرُوا سَتُغْلَبُونَ وَتُحْشَرُونَ إِلَىٰ جَهَنَّمَ ۚ وَبِئْسَ الْمِهَادُ ۝

Qul lil-ladziina kafaruu satughlabuuna wa tukhsyaruuna ilaa jahannama wa bi'sal mihaad.

13. Yekti temen wus ana ayat kang tumurun tumrap sira kabeh, yaiku ana ing golongan loro kang wus padha campuh ing yuda,[119] kang sagolongan perang ngluhurake ing margi-agamaning Allah, lan sagolongan liyane kafir. Dheweke padha andeleng marang golongane wong Mu'min kalawan pandelenging mata kaya-kaya tikel loro cacahe, Allah paring pikukuh kalawan pitulunge marang wong kang dadi keparenging karsaNe. Sanyata kang kaya mangkono mau dadi tepa palupi tumrap wong kang padha anduweni wawasan.

١٣- قَدْ كَانَ لَكُمْ آيَةٌ فِي فِئَتَيْنِ الْتَقَتَا ۖ فِئَةٌ تُقَاتِلُ فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَأُخْرَىٰ كَافِرَةٌ يَرَوْنَهُم مِّثْلَيْهِمْ رَأْيَ الْعَيْنِ ۚ وَاللَّهُ يُؤَيِّدُ بِنَصْرِهِ مَن يَشَاءُ ۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَعِبْرَةً لِّأُولِي الْأَبْصَارِ ۝

Qad kaana lakum aayatun fii fi-atainil taqataa, fi-atun tuqaatilu fii sabiilil-laahi wa ukhraa kaafiratuy yaraunahum mitslaihim ra'yal 'aini wallaahu yu-ayyidu bi nashrihii may yasyaa-u inna fii dzaalika la'ibratal li-ulil abshaar

14. Wus direngga-rengga tumrap para manungsa, yaiku seneng ing sarupaning pepenginan kasengsem ing wanita, lan anak-anak, lan raja-brana kang akeh, saka emas lan salaka, lan jaran kang diingu (digemateni), lan raja-kaya,[120] lan tanem-tuwuh. Hiya mang-

١٤- زُيِّنَ لِلنَّاسِ حُبُّ الشَّهَوَاتِ مِنَ النِّسَاءِ وَالْبَنِينَ وَالْقَنَاطِيرِ الْمُقَنطَرَةِ مِنَ الذَّهَبِ وَالْفِضَّةِ وَالْخَيْلِ الْمُسَوَّمَةِ وَالْأَنْعَامِ وَالْحَرْثِ ۗ ذَٰلِكَ مَتَاعُ الْحَيَاةِ

119). **Wonten palagan Badar,** ing antawisipun Mekkah lan Madinah, ugi ing palagan punika pinanggih sumber toya. (mirsanana ayat 140).

120). Inggih punika unta, lembu, lan menda.

kono iku kasenengan urip ing Donya, ana dene Allah iku kang Kagungan saendah-endahing pangungsen, papan ni'mat kanggo bali.

الدُّنْيَا ۚ وَاللّٰهُ عِنْدَهٗ حُسْنُ الْمَاٰبِ ۝

Zuyyina linnaasi hubbusysyahawaati minan-nisaa-i wal-baniina wal-qanaathiirilmuqantharati minadzdzahabi wal fidhdhati wal khailil musawwamati wal an'aami wal-hartsi, dzaalika mataa'ul-hayaatiddun-yaa wallaahu 'indahuu husnul ma-aab.

15. Dhawuha sira Muhammad; "Apa sira padha gelem ndak wenehi weruh barang kang luwih becik tinimbang kang mangkono mau? Yaiku tumrap wong kang padha wedi ing Allah iku besuk ana ing ngarsaning Allah Pangerane, bakal padha anduweni Suwarga kang endah, kali-kaline mili ana ing sangisore, ana ing kono padha langgeng lan padha anduweni jodho kang suci sarta oleh karidlaning Allah, lan Allah iku Maha Mirsani marang para kawulaNe.

١٥ - قُلْ اَؤُنَبِّئُكُمْ بِخَيْرٍ مِّنْ ذٰلِكُمْ ۭ لِلَّذِيْنَ اتَّقَوْا عِنْدَ رَبِّهِمْ جَنّٰتٌ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا وَاَزْوَاجٌ مُّطَهَّرَةٌ وَّرِضْوَانٌ مِّنَ اللّٰهِ ۭ وَاللّٰهُ بَصِيْرٌۢ بِالْعِبَادِ ۝

Qul a-unabbi-ukum bikhairim min dzaalikum lil-ladziinattaqau 'inda rabbihim jannaatun tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa wa azwaajum mutlahharatuw wa ridhwaanum minallaah, wallaahu bashiirum bil'ibaad.

16. Yaiku kang padha celathu: „Dhuh Pangeran kita, saestu kita sampun sami pitados, mugi Paduka ngapuntena dhumateng dosa-dosa kita, tuwin mugi ngreksa ing kita saking siksaning Naraka.

١٦ - اَلَّذِيْنَ يَقُوْلُوْنَ رَبَّنَآ اِنَّنَآ اٰمَنَّا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوْبَنَا وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ ۝

Alladziina yaquuluuna rabbanaa innanaa aamannaa faghfir lanaa dzunuubanaa wa qinaa 'adzaaban-naar.

17. Yaiku wong-wong kang padha sabar, padha temen, padha sungkem ngabekti, padha gelem darma lan ana ing waktu sahur lingsir wengi padha nyuwun pangapura. 121)

١٧ - اَلصّٰبِرِيْنَ وَالصّٰدِقِيْنَ وَالْقٰنِتِيْنَ وَالْمُنْفِقِيْنَ وَالْمُسْتَغْفِرِيْنَ بِالْاَسْحَارِ ۝

Ashshaabiriina wash-shaadiqiina wal-qaanitiina wal-munfiqiina wal-mustaghfiriina bil as-haar.

Pratelaning Allah sifat ke-Esaan, ke-Adilan, sarta Agama kang direnani.

18. Allah wus amratelake, sanyata ora ana Pangeran kang wajib disembah kajaba mung Panjenengane piyambak, lan para Malaikat sarta para wong-wong kang padha duwe kawruh 122) uga wis padha mratelake kang mangkono mau, Allah iku jumeneng kalawan Adil. Ora ana Pangeran kang wajib sinembah kajaba mung Panjenengane piyambak kang Maha Prakosa tur Maha Wicaksana.

١٨ - شَهِدَ اللّٰهُ اَنَّهٗ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۙ وَالْمَلٰۗىِٕكَةُ وَاُولُوا الْعِلْمِ قَاۗىِٕمًۢا بِالْقِسْطِ ۭ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

Syahidallaahu annahuu laa ilaaha illaa huwa wal-malaa-ikatu wa uulul 'ilmi qaa-imam bilqisthi laa ilaaha illaa huwal 'aziizul hakiim.

121). Wekdal sahur punika ngajengaken Subuh kirang langkung 30 menit, dene Imsak kirang 10 menit.

122). Para ahli-Kawruh lan ahli-Agami martabatipun inggil, tanggeljawabipun ugi awrat ing masyarakat.

19. Sanyata Agama mungguhing Allah iku mung Agama Islam, lan ora padha pasulayan wong-wong kang wus padha diparingi Kitab kajaba sawuse katekanan ilmu, pamrihe mung drengken-drengkenan ana ing antarane wong-wong mau. Dene sapa bae kang padha kafir ayat-ayating Allah, sanyata Allah iku rikat pangitunge.

١٩- إِنَّ الدِّينَ عِندَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ ۗ وَمَا اخْتَلَفَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ إِلَّا مِن بَعْدِ مَا جَاءَهُمُ الْعِلْمُ بَغْيًا بَيْنَهُمْ ۗ وَمَن يَكْفُرْ بِآيَاتِ اللَّهِ فَإِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ۝

Innad-diina 'indallaahil islaamu wa makhtalafal-ladziina uutul-kitaaba illaa mim ba'di maa jaa-a humul-'ilmu baghyam bainahum wa may-yakfur bi aayaatil-laahi fa-innallaaha sarii'ul hisaab.

20. Dene manawa dheweke padha ambantah ing sira Muhammad, mangka sira enggal dhawuha: "Aku wus masrahake badanku marang ngarsaning Allah, lan wong kang manut ing aku uga wus padha masrahake". Lan dhawuha sira Muhammad marang wong kang wus padha diparingi Kitab, lan marang wong-wong kang wuta sastra: "Apa sira kabeh padha gelem ngrasuk Agama Islam?" Manawa dheweke wus padha ngrasuk Agama Islam, yekti dheweke iku padha oleh pituduh. Dene manawa dheweke padha malengos, sanyata kuwajibanira iku mung nekakake da'wah, Allah iku Maha Mriksani marang para kawulaNe.

٢٠- فَإِنْ حَاجُّوكَ فَقُلْ أَسْلَمْتُ وَجْهِيَ لِلَّهِ وَمَنِ اتَّبَعَنِ ۗ وَقُل لِّلَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ وَالْأُمِّيِّينَ أَأَسْلَمْتُمْ ۚ فَإِنْ أَسْلَمُوا فَقَدِ اهْتَدَوا ۖ وَّإِن تَوَلَّوْا فَإِنَّمَا عَلَيْكَ الْبَلَاغُ ۗ وَاللَّهُ بَصِيرٌ بِالْعِبَادِ ۝

Fa-in haajjuu-ka faqul aslamtu wajhiya lil-laahi wa manit-taba'ani waqul-lilladziina uutul-kitaaba wal ummiyyiina a-aslamtum fa-in aslamuu fa-qadihtadauw wa-in tawallau fa-innamaa 'alaikal balaaghu wallaahu bashiirum bil 'ibaad.

Pancasaning pradata tumrap wong kang mrajaya para andika Nabi.

21. Sanyata wong-wong kang padha kafir marang ayat-ayating Allah, lan kang padha mrajaya para andika Nabi kalawan ora bener, lan kang padha mateni wong-wong kang padha parentah marang para manungsa supaya tumindak adil, mangka anggebanga bebungah sira Muhammad marang wong-wong mau kalawan Siksa kang perih anglarani.

٢١- إِنَّ الَّذِينَ يَكْفُرُونَ بِآيَاتِ اللَّهِ وَيَقْتُلُونَ النَّبِيِّينَ بِغَيْرِ حَقٍّ وَيَقْتُلُونَ الَّذِينَ يَأْمُرُونَ بِالْقِسْطِ مِنَ النَّاسِ فَبَشِّرْهُم بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ۝

Innal-ladziina yakfuruuna bi-aayaatil-laahi wa yaqtuluunan-nabiyyiina bi-ghairi haqqiw wayaqtuluunal ladziina ya'muruuna bil-qisthi minan-naasi fa-basysyirhum bi 'adzaabin aliim.

22. Wong-wong kang padha kaya mangkono mau yekti rusak kabeh amale ana ing Donya lan ana ing Akherat, lan tumrap dheweke ora bakal ana kang bisa paring pitulung.

٢٢- أُولَٰئِكَ الَّذِينَ حَبِطَتْ أَعْمَالُهُمْ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ ۖ وَمَا لَهُم مِّن نَّاصِرِينَ ۝

Ulaa-ikal-ladziina habithat a'maalahum fid-dun-yaa wal aakhirati wa maa lahum min naashiriin.

Wong-wong Yahudi nyeleweng saka Hukum Allah.

23. Apa sira Muhammad durung sumurup wong-wong kang padha diparingi panduman saka Al Kitab? Dheweke padha diajak ma-

٢٣- أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ أُوتُوا نَصِيبًا مِّنَ الْكِتَابِ يُدْعَوْنَ إِلَىٰ كِتَابِ اللَّهِ لِيَحْكُمَ بَيْنَهُمْ ثُمَّ يَتَوَلَّىٰ فَرِيقٌ مِّنْهُمْ وَ

rang Kitabing Allah, kang supaya Kitab Taurat mau dianggo ngukumi ana ing antarane wong-wong mau, nuli sagolongan saka dheweke mau ana kang nyeleweng, lan dheweke iku padha ngungkurake.

هُمْ مُّعْرِضُوْنَ ۝

Alam tara ilal-ladziina uutuu nashiibam minal-kitaabi yud'auna ilaa kitaabil-laahi liyahkuma bainahum tsumma yatawallaa fariiqum minhum wahum mu'ridhuun.

24. Kang mangkono mau jalaran dheweke padha ngaku-aku: "Naraka iku ora bakal anggepok ing kita, kajaba mung sawatara dina bahe". Dheweke wus padha kabujuk ana ing Agamane dening olehe padha gawe-gawe kabar goroh.

٢٤ـ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ قَالُوْا لَنْ تَمَسَّنَا النَّارُ اِلَّآ اَيَّامًا مَّعْدُوْدٰتٍ ۖ وَغَرَّهُمْ فِيْ دِيْنِهِمْ مَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ۝

Dzaalika bi-annahum qaaluu lan tamassanan-naaru illaa ayyaamam ma'duudaatiw wa gharrahum fii diinihim maa kaanuu yaftaruun.

25. Kapriye mungguh bakal kahanane wong-wong mau nalika Ingsun ngimpun dheweke ana dina kang ora kasamaran maneh anane, lan saben-saben badan diwales miturut amale kang wus diiindakake, lan dheweke ora padha dianiaya.

٢٥ـ فَكَيْفَ اِذَا جَمَعْنٰهُمْ لِيَوْمٍ لَّا رَيْبَ فِيْهِ ۖ وَوُفِّيَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ۝

Fa-kaifa idzaa jama'naahum liyaumil-laa raiba fiihi wa wuffiyat kullu nafsim maa kasabat wahum laa yuzhlamuun.

Bukti kakuwasaan lan kabeneraning Allah s.w.t.

26. Munjuka sira Muhammad: "Dhuh Allah ingkang kagungan karaton, Paduka maringaken karaton dhumateng tiyang ingkang Paduka karsakaken, saha Paduka ngluhuraken dhumateng tiyang ingkang Paduka karsakaken, punapa dene Paduka Ngasoraken dhumateng tiyang ingkang Paduka karsakaken, wonten ing asta Paduka sadaya kasaenan. Saestu Paduka punika Maha Kuwaos ing sadaya perkawis".

٢٦ـ قُلِ اللّٰهُمَّ مٰلِكَ الْمُلْكِ تُؤْتِي الْمُلْكَ مَنْ تَشَآءُ وَتَنْزِعُ الْمُلْكَ مِمَّنْ تَشَآءُ ۖ وَتُعِزُّ مَنْ تَشَآءُ وَتُذِلُّ مَنْ تَشَآءُ ۖ بِيَدِكَ الْخَيْرُ ۖ اِنَّكَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Qulil-laahumma maalikal mulki tu'til-mulka man tasyaa-u wa tanzi'ul mulka mimman tasyaa-u wa tu'izzu man tasyaa-u wa tudzillu man tasyaa-u biyadikal-khairu innaka 'alaa kulli syai-in qadiir.

27. Paduka ingkang nglebetaken dalu ing dalem siang, Paduka ingkang nglebetaken siang ing dalem dalu, Paduka angedalaken barang gesang saking barang pejah, saha Paduka ingkang ngedalaken barang pejah saking barang gesang,[123] punapa dene Paduka paring rezeki dhumateng tiyang ingkang Paduka karsakaken kalayan tanpa wicalan".

٢٧ـ تُوْلِجُ الَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَتُوْلِجُ النَّهَارَ فِي الَّيْلِ ۖ وَتُخْرِجُ الْحَيَّ مِنَ الْمَيِّتِ وَتُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَيِّ ۖ وَتَرْزُقُ مَنْ تَشَآءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ۝

Tuulijul-laila fin-nahaari wa tuulijun-nahaara fil-laili wa tukhrijul-hayya minal-mayyiti wa tukhrijul-mayyita minal hayyi wa tarzuqu man tasyaa-u bighairi hisaab.

123). Upami nglairaken kuthuk saking tigan, utawi nglairaken tigan saking ayam, sarta unggul asoring Ummat punika lumampah ing **Hukum Angger-anggering Allah s.w.t.**

Larangan ngiloni wong kafir

28. Para wong Mu'min aja padha ngalap wong-wong kafir dadi pangayoman,[124] ngungkuli tinimbang wong-wong Mu'min. Lan sapa kang tumindak kaya mangkono mau, dheweke ora oleh pangayoman saka ngarsaning Allah, kajaba manawa mung sira anggo (siasat) njaga awakira saka pialane wong-wong kafir mau. Lan Allah ngelingake rumeksaa ing awakira saka SiksaNe, lan marang ngarsaning Allah padha bakal bali sowan.

٢٨- لَا يَتَّخِذِ الْمُؤْمِنُونَ الْكٰفِرِينَ أَوْلِيَآءَ مِن دُونِ
الْمُؤْمِنِينَ ۚ وَمَن يَفْعَلْ ذٰلِكَ فَلَيْسَ مِنَ اللَّهِ
فِى شَىْءٍ إِلَّآ أَن تَتَّقُوا۟ مِنْهُمْ تُقَىٰةً ۗ وَيُحَذِّرُكُمُ
اللَّهُ نَفْسَهُۥ ۗ وَإِلَى اللَّهِ الْمَصِيرُ ۝

Laa yattakhidzil-mu'minuunal kaafiriina auliyaa-a min duunil-mu'miniina wa may yaf'al dzaalika falaisa minal-laahi fii syai-in illaa an tattaquu minhum tuqaah, wa yuhadzdziru kumul-laahu nafsah, wa ilal-laahil mashiir.

29. Dhawuha sira Muhammad: "Manawa sira padha ngumpetake barang kang ana ing sajeroning atinira utawa nglahirake, yekti Allah ngawuningani barang iku, lan Panjenengane uga ngawuningani barang kang ana ing Langit lan barang kang ana ing Bumi, Allah iku Maha Kuwasa ing ngatase kabeh barang".

٢٩- قُلْ إِن تُخْفُوا۟ مَا فِى صُدُورِكُمْ أَوْ تُبْدُوهُ يَعْلَمْهُ
اللَّهُ ۗ وَيَعْلَمُ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْأَرْضِ ۗ وَ
اللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ۝

Qul in tukhfuu maa fii shuduurikum au tubduuhu ya'lamhullaah, wa ya'lamu maa fis-samaawaati wa maa fil-ardhi, wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

30. (Den padha ngati-ati) ing dina Qiyamat iku siji-sijining badan padha nampa piwales amal kabecikane kang ditindakake cumawis ana sangarepe, apa dene laku ala kang katindakake wong mau dhemen manawa diedohake antarane piwales lan badane mangsa kang adoh tur suwe, lan Allah ngelingake sira rumeksa awakira saka siksaNe, lan Allah iku Maha Welas marang para kawulane.

٣٠- يَوْمَ تَجِدُ كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ مِنْ خَيْرٍ مُّحْضَرًا ۚ
وَمَا عَمِلَتْ مِن سُوٓءٍ ۚ تَوَدُّ لَوْ أَنَّ بَيْنَهَا وَبَيْنَهُۥٓ
أَمَدًۢا بَعِيدًا ۗ وَيُحَذِّرُكُمُ اللَّهُ نَفْسَهُۥ ۗ وَاللَّهُ رَءُوفٌۢ
بِالْعِبَادِ ۝

Yauma tajidu kullu nafsim maa 'amilat min khairim mukhdharaa, wa maa 'amilat min suu-in tawaddu lau anna bainahaa wa bainahuu amadam ba'iidaa, wa yuhadzdziru kumul-laahu nafsahuu wallaahu ra-uufum bil-'ibaad.

31. Dhawuha sira Muhammad: "Manawa sira pancen padha dhemen ing Allah, mara padha andhereka ing aku, Allah bakal remen marang sira kabeh, lan paring pangapura marang sira ing dosa-dosanira kabeh, lan Allah mau kang Maha Ngapura Maha Asih.

٣١- قُلْ إِن كُنتُمْ تُحِبُّونَ اللَّهَ فَاتَّبِعُونِى يُحْبِبْكُمُ
اللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Qul inkuntum tuhibbuunal-laaha fattabi-'uunii yuhbibkumul-laahu wa yaghfir lakum dzunuubakum wallaahu ghafuurur rahiim.

---

124). **Pangayom** punika saking kalimat **Auliyaa**, ingkang ateges ugi mitra ingkang supeket, pemimpin, lan penulung.

32. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha ambanguna turut marang Allah, lan Utusan-Ne. Dene manawa padha malengos sanyata Allah ora remen marang wong kang padha kafir"

٣٢ـ قُلْ أَطِيعُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ فَإِنْ تَوَلَّوْا فَإِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْكَافِرِينَ ۝

Qul athii'ul-laaha warrasuula fa-in tawallau fa-innal-laaha laa yuhibbul kaafiriin.

Kulawarga 'Imran lan kautamane.

33. Sanyata Allah wus milih marang Nabi Adam lan Nabi Nuh, lan kawula wargane Nabi Ibrahim, sarta kawula wargane 'Imran ngungkuli wong sa'Alam-Raya.

٣٣ـ إِنَّ اللَّهَ اصْطَفَىٰ آدَمَ وَنُوحًا وَآلَ إِبْرَاهِيمَ وَآلَ عِمْرَانَ عَلَى الْعَالَمِينَ ۝

Innal-laahash-thafaa aadama wa nuuhaw wa aala ibraahiima wa aala 'imraana 'alal 'aalamiin.

34. Sakaturunan, kang sebageyane katurunan saka liyane (tedhak turune Nuh lan Adam), lan Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Wikan.

٣٤ـ ذُرِّيَّةً بَعْضُهَا مِنْ بَعْضٍ وَاللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ۝

Dzurriyyatam ba'dhuhaa mim ba'dhin wallaahu samii'un 'aliim.

35. Nalika batihe 'Imran andedonga ature: "Dnuh Pangeran kula, sayektos kula angunjukaken nadzar dhumateng Paduka, badhe mardikakaken bayi ingkang wonten guwa garba kula punika (mohung kagem leladi ing pidalem ingkang suci), mugi Paduka kapareng anarimah nadzar kula, saestu Paduka punika Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani".

٣٥ـ إِذْ قَالَتِ امْرَأَتُ عِمْرَانَ رَبِّ إِنِّي نَذَرْتُ لَكَ مَا فِي بَطْنِي مُحَرَّرًا فَتَقَبَّلْ مِنِّي ۖ إِنَّكَ أَنْتَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Idz qaalatimra-atu 'imraana rabbi innii nadzartu laka maa fii bathnii muharraran fataqabbal minnii innaka antas samii'ul 'aliim.

36. Bareng batihe 'Imran mau nglahirake anak wadon, dheweke munjuk atur: "Dhuh Pangeran kula, sayektos kula sampun nglahiraken lare estri", lan sanyata Allah iku wus Ngawuningani bayi kang dilahirake, "kang mangka lare jaler punika boten kados lare estri, dene anak kula estri punika kula namekaken Maryam, saha tansah kula suwunaken reksa ing Paduka, dalah saturunipun mugi Paduka reksa saking panggodhaning syetan ingkang dipun ranjam".

٣٦ـ فَلَمَّا وَضَعَتْهَا قَالَتْ رَبِّ إِنِّي وَضَعْتُهَا أُنْثَىٰ وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا وَضَعَتْ وَلَيْسَ الذَّكَرُ كَالْأُنْثَىٰ ۖ وَإِنِّي سَمَّيْتُهَا مَرْيَمَ وَإِنِّي أُعِيذُهَا بِكَ وَذُرِّيَّتَهَا مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ ۝

Falammaa wadha'at-haa qaalat rabbi innii wadha'tuhaa untsaa wal-laahu a'lamu bimaa wadha'at wa laisadz-dzakaru kal untsaa wa innii sammaituhaa maryama wa innii u'iidzu haa bika wa dzurriyyatahaa minasysyaithaanir rajiim.

37. Nuli Pangerane kersa anampa ing panyuwune kalawan becik, lan Panjenengane anggedhekake marang Maryam kalawan pangupakara kang becik-becik, lan Maryam mau dipupu dening Zakariya. Saben-saben Zakariya mlebu ana ing pangimamane (mihrab), dheweke weruh ing sandhinge Maryam wus ana panganan. Zakariya angucap pitakon:

٣٧ـ فَتَقَبَّلَهَا رَبُّهَا بِقَبُولٍ حَسَنٍ وَأَنْبَتَهَا نَبَاتًا حَسَنًا وَكَفَّلَهَا زَكَرِيَّا ۖ كُلَّمَا دَخَلَ عَلَيْهَا زَكَرِيَّا الْمِحْرَابَ وَجَدَ عِنْدَهَا رِزْقًا ۖ قَالَ يَا مَرْيَمُ أَنَّىٰ لَكِ هَٰذَا ۖ قَالَتْ هُوَ مِنْ عِنْدِ اللَّهِ ۖ إِنَّ اللَّهَ يَرْزُقُ مَنْ يَشَاءُ

"He Maryam, saka ngendi tekaning panganan iki?", wangsulane Maryam aris: "Tetedhan punika paringan saking ngarsaning Allah, sayektosipun Allah paring rezeki dhumateng tiyang ingkang dados keparenging karsanipun tanpa wicalan".

بِغَيْرِ حِسَابٍ ٥

Fataqabbalahaa rabbuhaa biqabuulin hasanin wa ambatahaa nabaatan hasanaw wa kaffalahaa zakariyyaa kullamaa dakhala 'alaihaa zakariyyal mihraaba wajada 'indahaa rizqan qaala yaa maryamu annaa laki haadzaa qaalat huwa min 'indillaahi innallaaha yarzuqu may-yasyaa-u bighairi hisaab.

38. Ana ing kono iku Zakariya tumuli andedonga ing Pangerane, ature: "Dhuh Pangeran kula, mugi Paduka paring turunan ingkang sae dhumateng kula, sayektos Paduka punika Maha Midhanget ing sadaya panuwun".

٣٨ هُنَالِكَ دَعَا زَكَرِيَّا رَبَّهُ ۖ قَالَ رَبِّ هَبْ لِي مِن لَّدُنكَ ذُرِّيَّةً طَيِّبَةً ۖ إِنَّكَ سَمِيعُ الدُّعَاءِ ٥

Hunaalika da'aa zakariyyaa rabbahuu qaala rabbi hablii milladunka dzurriyyatan thayyibatan innaka samii'ud-du'aa.

39. Malaikat Jibril tumuli ngaturi Zakariya kang dheweke pinuju ngadeg Shalat ana ing pangimaman, pangucape Malaikat: "Saestu Allah kersa aparing bebingah dhumateng panjenengan badhe dipun paringi putra jaler, nama Yahya ingkang badhe iman angleresaken sebda Kalimah saking Allah,[125] tuwin badhe dados pemimpin sarta panutan, saha rineksa saking nuruti syahwat hawa nafsu, tur badhe jumeneng Nabi, tuwin piyambakipun kalebet ewoning tiyang ingkang sami saleh".

٣٩ فَنَادَتْهُ الْمَلَائِكَةُ وَهُوَ قَائِمٌ يُصَلِّي فِي الْمِحْرَابِ أَنَّ اللَّهَ يُبَشِّرُكَ بِيَحْيَىٰ مُصَدِّقًا بِكَلِمَةٍ مِّنَ اللَّهِ وَسَيِّدًا وَحَصُورًا وَنَبِيًّا مِّنَ الصَّالِحِينَ ٥

Fanaadat-hul malaa-ikatu wa huwa qaaimuy-yushallii filmihraabi annallaaha yubasysyiruka biyahyaa mushaddiqam bikalimatim minallaahi wa sayyidan wa hashuuraw wa nabiyyam minash-shaalihiin.

40. Ature Zakariya: "Dhuh Pangeran kula, kados pundi teka kula badhe saged anggadhahi anak, mangka kula punika sampun sepuh, punapa malih simah kula punika gabug". Dhawuhing Allah: "Mangkono iku Allah arsa tumindak sakarsaNe".

٤٠ قَالَ رَبِّ أَنَّىٰ يَكُونُ لِي غُلَامٌ وَقَدْ بَلَغَنِيَ الْكِبَرُ وَامْرَأَتِي عَاقِرٌ ۖ قَالَ كَذَٰلِكَ اللَّهُ يَفْعَلُ مَا يَشَاءُ ٥

Qaala rabbi annaa yakuunu lii ghulaamuw waqad balaghaniyal-kibaru wamra-atii 'aaqirun qaala kadzaalikal-laahu yaf-'alu maa yasyaa'.

41. Ature Zakariya: "Dhuh Pangeran kula, Paduka mugi paring tandha yekti dhumateng kula". Dhawuhing Allah: "Tandha yektine manawa sira bakal duwe anak, yaiku sira ora bisa guneman karo manungsa lawase telung dina, kajaba mung kalawan isarah bahe, lan sira elinga ing Allah Pangeranira kanthi angakeh-angakehake nyebut asmaNe, lan sira nucekna ing Panjenengane ana ing wayah esuk lan sore".

٤١ قَالَ رَبِّ اجْعَل لِّي آيَةً ۚ قَالَ آيَتُكَ أَلَّا تُكَلِّمَ النَّاسَ ثَلَاثَةَ أَيَّامٍ إِلَّا رَمْزًا ۗ وَاذْكُر رَّبَّكَ كَثِيرًا وَسَبِّحْ بِالْعَشِيِّ وَالْإِبْكَارِ ٥

Qaala rabbij'al lii aayatan qaala aayatuka allaa tukalliman-naasa tsalaatsata ayyaamin illaa ramzaa, wadzkur rabbaka katsiiraw wa sabbih bil 'asyiyyi wal ibkaar.

42. Lan nalikane Malaikat ngaturi marang Maryam: "Dhuh Maryam, sayektosipun Allah sampun milih dhateng sampeyan, lan sampun

٤٢ وَإِذْ قَالَتِ الْمَلَائِكَةُ يَا مَرْيَمُ إِنَّ اللَّهَ اصْطَفَاكِ وَطَهَّرَكِ وَاصْطَفَاكِ عَلَىٰ نِسَاءِ الْعَالَمِينَ ٥

125). **Nabi ingkang dipun cipta dening Allah sarana kalimah "Kun", anaa, tumunten wonten, tumitah ing 'alam Donya tanpa Bapa, inggih punika Nabi Al-Masih 'Isa a.s. putra Maryam.**

nyucekaken ing sampeyan, saha sampeyan dipun piji nglangkungi para wanita ing sa' Alam sadaya".

43. "Dhuh Maryam, mugi sampeyan angabektia dhumateng Pangeran sampeyan, lan sampeyan mugi sujud sarta ruku' sesarengan kaliyan tetiyang ingkang sami ruku'."

Wa idz qaalatil malaa-ikatu yaa maryamu innallaahash-thafaaki wa thahharaki wash-thafaaki 'alaa nisaa-il 'aalamiin.

٤٣- يٰمَرْيَمُ اقْنُتِيْ لِرَبِّكِ وَاسْجُدِيْ وَارْكَعِيْ مَعَ الرّٰكِعِيْنَ ۝

Yaa maryamuqnutii lirabbiki wasjudii warka'ii ma'ar-raaki'iin.

44. Kang mangkono iku kalebu saka sawenche pawarta ghaib kang Ingsun paringake Wahyu marang sira Muhammad lan sira ora melu nekseni nalika wong-wong padha nguncalake kalame ana ing kali, sapa antarane wong-wong mau kang bakal ngupakara Maryam, lan sira uga ora melu nekseni nalikane wong-wong mau padha padudon perkara Maryam.

٤٤- ذٰلِكَ مِنْ اَنْۢبَآءِ الْغَيْبِ نُوْحِيْهِ اِلَيْكَ ۭ وَمَا كُنْتَ لَدَيْهِمْ اِذْ يُلْقُوْنَ اَقْلَامَهُمْ اَيُّهُمْ يَكْفُلُ مَرْيَمَ ۠ وَمَا كُنْتَ لَدَيْهِمْ اِذْ يَخْتَصِمُوْنَ ۝

Dzaalika min ambaa-il ghaibi nuuhiihi ilaika wa maa kunta ladaihim idz yulquuna aqlaamahum ayyuhum yakfulu maryama wa maa kunta ladaihim idz yakhtashimuun.

Kisah biografi Al Masih 'Isa a.s. putra Maryam

45. Nalika Malaikat ngaturi: "Dhuh Maryam, sajatosipun Allah ambebingah ing sampeyan, inggih punika sampeyan badhe nampi satunggaling-kalimah, badhe gadhah putra, saking ngarsanipun Allah, naminipun Al Masih 'Isa ibni Maryam. Piyambakipun badhe kagungan kamulyan wonten ing Donya, tuwin wonten ing Akherat, sarta piyambakipun badhe kalebet ewonipun tiyang ingkang sami kacelak ngarsanipun Allah.

٤٥- اِذْ قَالَتِ الْمَلٰۗىِٕكَةُ يٰمَرْيَمُ اِنَّ اللّٰهَ يُبَشِّرُكِ بِكَلِمَةٍ مِّنْهُ ۖ اسْمُهُ الْمَسِيْحُ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ وَجِيْهًا فِي الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ وَمِنَ الْمُقَرَّبِيْنَ ۝

Idz qaalatil malaa-ikatu yaa maryamu innallaaha yubasysyiruki bikalimatim minhus-muhul-masiihu 'iisabnu maryama wajiihan fiddun-yaa wal aakhirati wa minal muqarrabiin.

46. "Lan piyambakipun badhe saged wawan-pangandikan kaliyan para manungsa wonten ing bandhulan, rikala taksih bayi, sarta ing nalika agengipun, tuwin piyambakipun punika kalebet ewoning tetiyang ingkang sami saleh".

٤٦- وَيُكَلِّمُ النَّاسَ فِي الْمَهْدِ وَكَهْلًا وَّمِنَ الصّٰلِحِيْنَ ۝

Wa yukallimun-naasa fil-mahdi wa kahlaw wa minash-shaalihiin.

47. Ature Maryam: "Dhuh Pangeran kula, kados pundi kula badhe saged anggadhahi anak, mangka kula punika dereng nate kagepok tiyang jaler?" Malaikat Jibril amangsuli: "Makaten punika Allah anitahaken barang ingkang dipun karsakaken". Panjenengane manawa arsa karsa mutus perkara, cukup mung ngendika "Anaa", tumuli ana".

٤٧- قَالَتْ رَبِّ اَنّٰى يَكُوْنُ لِيْ وَلَدٌ وَّلَمْ يَمْسَسْنِيْ بَشَرٌ ۭ قَالَ كَذٰلِكِ اللّٰهُ يَخْلُقُ مَا يَشَاۗءُ ۭ اِذَا قَضٰٓى اَمْرًا فَاِنَّمَا يَقُوْلُ لَهٗ كُنْ فَيَكُوْنُ ۝

Qaalat rabbi annaa yakuunu lii waladuw wa lam yamsasnii basyarun, qaala kadzaa likil-laahu yakhluqu maa yasyaa-u, idzaa qadhaa amran fa-innamaa yaquulu lahuu kun fayakuun.

48. Panjenengane Allah mulang marang 'Isa putrane Maryam Al Kitab, lan kawicaksanan, Taurat lan Injil.

٤٨- وَيُعَلِّمُهُ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ وَالتَّوْرٰىةَ وَالْاِنْجِيْلَ ۝

Wa yu'allimuhul kitaaba wal hikmata wat tauraata wal injiil.

49. Lan Nabi 'Isa iku bakal jumeneng dadi Rasul marang Bani Isra'il, ngendikane: "Sanyata rawuhku marang sira kabeh iku kalawan ngampil tandha yekti saka Pangeranira. Sanyata aku bisa gawe saemper manuk saka lemah, aku banjur nyebul ing manuk saka lemah mau, nuli dadi manuk temenan kalawan idzining Allah, sarta aku bisa marasake wong wuta lan wong bule, lan maneh aku bisa nguripake wong mati kalawan idzining Allah, apa dene aku bisa anerangake barang kang padha sira pangan lan barang kang padha sira simpen ana ing sajeroning omahira. Sanyata kang kaya mangkono iku dadi tandha yekti keRasulanku tumrap sira kabeh, manawa sira iku padha iman ing Allah.

٤٩- وَرَسُولًا إِلَىٰ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ أَنِّي قَدۡ جِئۡتُكُم بِـَٔايَةٖ مِّن رَّبِّكُمۡ أَنِّيٓ أَخۡلُقُ لَكُم مِّنَ ٱلطِّينِ كَهَيۡـَٔةِ ٱلطَّيۡرِ فَأَنفُخُ فِيهِ فَيَكُونُ طَيۡرَۢا بِإِذۡنِ ٱللَّهِۖ وَأُبۡرِئُ ٱلۡأَكۡمَهَ وَٱلۡأَبۡرَصَ وَأُحۡيِ ٱلۡمَوۡتَىٰ بِإِذۡنِ ٱللَّهِۖ وَأُنَبِّئُكُم بِمَا تَأۡكُلُونَ وَمَا تَدَّخِرُونَ فِي بُيُوتِكُمۡۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لَّكُمۡ إِن كُنتُم مُّؤۡمِنِينَ ٤٩

Wa rasuulan ilaa banii israa-iila annii qad ji'tukum bi-aayatim mir rabbikum annii akhluqu lakum minath-thiini kahai-atith-thairi fa anfukhu fiihi fayakuuna thairam bi-idznillaah, wa ubarri-ul akmaha wal-abrasha wa uhyil mautaa bi-idznillaahi wa unabbi-ukum bimaa ta'kuluuna wamaa taddakhiruuna fi buyuutikum, inna fii dzaalika la-aayatal lakum in kuntum mu'miniin.

50. Lan rawuhku iku ambenerake ing Kitab kang ana sangarepku, yaiku Kitab Taurat, lan supaya aku ngalalake marang sira kabeh, barang kang maune diharamake tumrap sira kabeh, lan aku rawuh marang sira ngampil tandha yekti saka Pangeranira. Jalaran saka iku sira kabeh padha wedia ing Allah, lan padha ngestokna marang aku.

٥٠- وَمُصَدِّقٗا لِّمَا بَيۡنَ يَدَيَّ مِنَ ٱلتَّوۡرَىٰةِ وَلِأُحِلَّ لَكُم بَعۡضَ ٱلَّذِي حُرِّمَ عَلَيۡكُمۡ وَجِئۡتُكُم بِـَٔايَةٖ مِّن رَّبِّكُمۡ فَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ٥٠

Wa mushaddiqal limaa baina yadayya minat-tauraati wa li-uhilla lakum ba'dhal ladzii hurrima 'alaikum wa ji'tukum bi aayatim mir rabbikum, fattaqullaaha wa athii'uun.

51. Sanyata Allah iku Pangeranku, lan Pangeranira kabeh, sira padha nyembaha marang Panjenengane. "Hiya iki dalan kang jejeg".

٥١- إِنَّ ٱللَّهَ رَبِّي وَرَبُّكُمۡ فَٱعۡبُدُوهُۗ هَٰذَا صِرَٰطٞ مُّسۡتَقِيمٞ ٥١

Innal-laaha rabbii wa rabbukum fa'buduuhu haadzaa shiraatum mustaqiim.

52. Bareng Nabi 'Isa mangerti kaingkarane Bani Israil, dheweke nuli angucap: "Sapa kang bakal mitulungi aku marang Agamaning Allah?" Kaum Hawariyin padha matur: "Kita sadaya ingkang badhe ambiyantu-mitulungi Agamining Allah, kita sami pitados ing Allah, panjenengan mugi nyeksenana manawi kita sadaya punika sami Islam.

٥٢- فَلَمَّآ أَحَسَّ عِيسَىٰ مِنۡهُمُ ٱلۡكُفۡرَ قَالَ مَنۡ أَنصَارِيٓ إِلَى ٱللَّهِۖ قَالَ ٱلۡحَوَارِيُّونَ نَحۡنُ أَنصَارُ ٱللَّهِۖ ءَامَنَّا بِٱللَّهِۖ وَٱشۡهَدۡ بِأَنَّا مُسۡلِمُونَ ٥٢

Falammaa ahassa 'iisaa minhumul-kufra qaala man anshaarii ilal-laah, qaalal hawaariyyuuna nahnu anshaarul-laah, aamannaa billaahi wasyhad bi-annaa muslimuun.

53. Dhuh Pangeran kita, kita sami pitados Kitab ingkang sampun Paduka turunaken, saha kita sami angestokaken dhumateng Rasul, mugi Paduka karsa nyerat ing kita kalebet golonganipun tiyang ingkang nyekseni (Ke Esaanipun Allah).

٥٣ - رَبَّنَآ اٰمَنَّا بِمَآ اَنْزَلْتَ وَاتَّبَعْنَا الرَّسُوْلَ فَاكْتُبْنَا مَعَ الشّٰهِدِيْنَ ۝

Rabbanaa aamannaa bimaa anzalta wattaba'narrasuula faktubnaa ma'asy-syaahidiin.

54. Wong-wong kafir iku padha gawe paikaala, ananging Allah uga males gawe paika, sanyata Allah iku sabecik-becike kang maeka.

٥٤ - وَمَكَرُوْا وَمَكَرَ اللّٰهُ ۗ وَاللّٰهُ خَيْرُ الْمٰكِرِيْنَ ۝

Wa makaruu wa makarallaahu wal-laahu khairul maakiriin.

55. Nalikane Allah dhawuh marang Nabi 'Isa: "Dhuh 'Isa, sanyata Ingsun bakal nyampurnakake sira, lan ngangkat ing sira marang ngarsaningsun, lan Ingsun uga bakal nyucekake ing sira saka wong-wong kafir, lan Ingsun andadekake sarupane wong kang padha andherek ing sira ngungkuli wong kang padha kafir tumeka ing dina Qiyamat". Tumuli marang Panjenenganingsun panggonan balinira. Ingsun banjur mutusi ing antaranira kabeh, ana ing perkara kang padha sira pasulayakake.

٥٥ - اِذْ قَالَ اللّٰهُ يٰعِيْسٰٓى اِنِّيْ مُتَوَفِّيْكَ وَرَافِعُكَ اِلَيَّ وَمُطَهِّرُكَ مِنَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَجَاعِلُ الَّذِيْنَ اتَّبَعُوْكَ فَوْقَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ ۚ ثُمَّ اِلَيَّ مَرْجِعُكُمْ فَاَحْكُمُ بَيْنَكُمْ فِيْمَا كُنْتُمْ فِيْهِ تَخْتَلِفُوْنَ ۝

Idz qaalal-laahu yaa 'iisaa innii mutawaffiika wa raafi'uka ilayya wa muthahhiruka minal-ladziina kafaruu wa jaa'ilul-ladziinat-taba'uuka fauqal-ladziina kafaruu ilaa yaumil qiyaamati tsumma ilayya marji'ukum fa-ahkumu bainakum fiimaa kuntum fiihi takhtalifuun.

56. Dene wong-wong kang padha kafir iku Ingsun bakal nyiksa ing dheweke kalawan siksa kang luwih abot ana ing Donya lan ana ing Akherat, lan ora ana kang bakal mitulungi marang dheweke.

٥٦ - فَاَمَّا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فَاُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا شَدِيْدًا فِي الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ ۫ وَمَا لَهُمْ مِّنْ نّٰصِرِيْنَ ۝

Fa ammal-ladziina kafaruu fa-u'adzdzibuhum 'adzaaban syadiidan fid-dun-yaa wal aakhirati wamaa lahum min naashiriin.

57. Ana dene wong-wong kang padha percaya lan nindakake laku becik, mangka Panjenengane bakal anyampurnakake ganjarane wong-wong mau, Allah iku ora remen marang wong kang padha nganiaya.

٥٧ - وَاَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ فَيُوَفِّيْهِمْ اُجُوْرَهُمْ ۗ وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Wa ammal-ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati fayuwaffiihim ujuurahum wallaahu laa yuhibbuzh-zhaalimiin.

58. Kang mangkono iku Ingsun macakake marang sira Muhammad saka sapirang-pirang tandha yekti, lan pitutur kang ngemot kawicaksanan.

٥٨ - ذٰلِكَ نَتْلُوْهُ عَلَيْكَ مِنَ الْاٰيٰتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ ۝

Dzaalika natluuhu 'alaika minal-aayaati wadz-dzikril hakiim.

59. Sanyata sanepane Nabi 'Isa iku ana ing ngarsaning Allah, kaya sanepane Nabi Adam, Panjenengane anitahake Nabi Adam mau saka lemah, tumuli Panjenengane ngandika: "Anaa", banjur ana.

٥٩- إِنَّ مَثَلَ عِيسَىٰ عِندَ اللَّهِ كَمَثَلِ آدَمَ خَلَقَهُ مِن تُرَابٍ ثُمَّ قَالَ لَهُ كُن فَيَكُونُ ۝

Inna matsala ;iisaa 'indal-laahi kamatsali aadama khalaqahuu min turaabin tsumma qaala lahuu kun fayakuun.

60. Barang kang bener iku saka ngarsaning Allah Pangeranira, jalaran saka iku sira aja nganti kalebu ewone wong kang padha mamang.

٦٠- ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّكَ فَلَا تَكُن مِّنَ ٱلْمُمْتَرِينَ ۝

Alhaqqu mir-rabbika falaa takum minal mumtariin.

61. Mula manawa ana wong kang ambantah ing sira Muhammad, (ana ing perkara iku, kautuse 'Isa) sawuse sira kadunungan ilmu, sira banjur dhawuha: "He padha mrenea, becik aku ngundang anak-anakku lan anak-anakira, bojo-bojoku lan bojo-bojonira, lan golonganku sarta golonganira, nuli aku kabeh padha nyenyuwun pengadilan marang ngarsaning Allah, muga-muga la'nating Allah katetepna marang wong kang padha goroh".126))

٦١- فَمَنْ حَآجَّكَ فِيهِ مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَكَ مِنَ ٱلْعِلْمِ فَقُلْ تَعَالَوْا۟ نَدْعُ أَبْنَآءَنَا وَأَبْنَآءَكُمْ وَنِسَآءَنَا وَنِسَآءَكُمْ وَأَنفُسَنَا وَأَنفُسَكُمْ ثُمَّ نَبْتَهِلْ فَنَجْعَل لَّعْنَتَ ٱللَّهِ عَلَى ٱلْكَٰذِبِينَ ۝

Faman haajjaka fiihi mim ba'di maa jaa-aka minal-'ilmi faqul ta'aalau nad'u abnaa-anaa wa abnaa-akum wa nisaa-anaa wa nisaa-akum wa anfusanaa wa anfusakum, tsumma nabtahil fanaj'al la'natallaahi 'alal kaadzibiin.

62. Sanyata kang kasebut iku temen carita kang luwih bener, ora ana Pangeran kang sinembah, kajaba mung Panjenengane Allah piyambak, lan sanyata Allah iku Maha Prakosa, lan Maha Wicaksana.

٦٢- إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلْقَصَصُ ٱلْحَقُّ ۚ وَمَا مِنْ إِلَٰهٍ إِلَّا ٱللَّهُ ۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ۝

Inna haadzaa lahuwal qashashul haqqu wamaa min ilaahin illallaahu, wa innallaaha lahuwal 'aziizul hakiim.

63. Dene manawa wong-wong mau padha mlengos (saka nampa ing kabeneran), mangka sanyata Allah iku Maha Ngawuningani wong kang padha agawe rusak.

٦٣- فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌۢ بِٱلْمُفْسِدِينَ ۝ ع ١٢

Fa-in tawallau fa-innal-laaha 'aliimum bil mufsidiin.

64. Dhawuha sira Muhammad: "He wong ahli Kitab, sira padha mrenea kabeh, perlu angumpulake kalimah kang pepadhan antaraku lan antaranira kabeh, yaiku supaya aku kabeh ora padha anyembah kajaba mung marang Allah piyambak, lan aku kabeh aja nyakuthokake ing liyane marang Panjenengane, lan aku kabeh aja ngalap saweneh marang liyane dadi Pangeran saliyane Allah". Ana dene manawa ahli Kitab mau padha mlengos, sira banjur dhawuha: "Sira padha neksenana yen aku iki padha Islam".

٦٤- قُلْ يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ تَعَالَوْا۟ إِلَىٰ كَلِمَةٍ سَوَآءٍۭ بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمْ أَلَّا نَعْبُدَ إِلَّا ٱللَّهَ وَلَا نُشْرِكَ بِهِۦ شَيْـًٔا وَلَا يَتَّخِذَ بَعْضُنَا بَعْضًا أَرْبَابًا مِّن دُونِ ٱللَّهِ ۚ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَقُولُوا۟ ٱشْهَدُوا۟ بِأَنَّا مُسْلِمُونَ ۝

Qul yaa ahlal kitaabi ta'aalau ilaa kalimatin sawaa-in bainanaa wa bainakum allaa na'buda illal-laaha wa laa nusyrika

126). **Mubahalah inggih punika saben-saben golongan ingkang benten pamanggih ngunjukaken do'a ing ngarsaning Allah sarana yektos-yektos, sintena ingkang goroh-cidra dipun la'nat dening Allah. Nabi s.a.w. ngajak utusan Nasrani Bani Najran supados mubahalah, piyambakipun boten wantun, punika dados bukti kaleresanipun Nabi Muhammad s.a.w.**

bihii syai-aw walaa yattakhidza ba'dhunaa ba'dhan arbaabam min duunil-laahi fa in tawallau fa quulusyhaduu bi-annaa muslimuun.

65. He ahli Kitab, yagene teka sira padha padudon[127] tumrap marang perkarane Nabi Ibrahim, kang mangka Taurat lan Injil iku ora diturunake kajaba sawuse Nabi Ibrahim, apa sira iku ora padha duwe nalar?

٦٥ يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ لِمَ تُحَآجُّونَ فِىٓ إِبْرَٰهِيمَ وَمَآ أُنزِلَتِ ٱلتَّوْرَىٰةُ وَٱلْإِنجِيلُ إِلَّا مِنۢ بَعْدِهِۦٓ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

Yaa ahlal-kitaabi lima tuhaajjuuna fii ibraahiima wa maa unzilatit-tauraatu wal injiilu illaa mim ba'dihii afalaa ta'qiluun.

66. Lah hiya sira kabeh iku kang padha tansah padudon ing perkara kang wus padha sira sumurupi,[128] jalaran apa sira padha ambantah ing perkara kang durung padha sira sumurupi,[129] Allah iku ngawuningani ananging sira ora padha weruh.

٦٦ هَٰٓأَنتُمْ هَٰٓؤُلَآءِ حَٰجَجْتُمْ فِيمَا لَكُم بِهِۦ عِلْمٌ فَلِمَ تُحَآجُّونَ فِيمَا لَيْسَ لَكُم بِهِۦ عِلْمٌ ۚ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ۝

Haa antum haa-ulaa-i haajajtum fiimaa lakum bihii 'ilmun falima tuhaajjuuna fiimaa laisa lakum bihii 'ilmun, wal-laahu ya'lamu wa antum laa ta'lamuun.

67. Ibrahim iku dudu wong Yahudi, lan uga dudu wong Nasrani, ananging dheweke iku condhong marang Agama kang bener[130] sarta sumarah ing Allah, lan dheweke iku dudu golongane wong kang padha musyrik.

٦٧ مَا كَانَ إِبْرَٰهِيمُ يَهُودِيًّا وَلَا نَصْرَانِيًّا وَلَٰكِن كَانَ حَنِيفًا مُّسْلِمًا ۖ وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ۝

Maa kaana ibraahiimu yahuudiyyaw wa laa nashraaniyyaw wa laakin kaana haniifam muslimaw wa maa kaana minal musyrikiin.

68. Sanyata wong kang luwih cerak marang Nabi Ibrahim yaiku wong kang padha andherek ing dheweke, lan iki Nabi Muhammad sarta wong-wong kang iman, lan Allah, iku Pangayome wong kang padha iman.

٦٨ إِنَّ أَوْلَى ٱلنَّاسِ بِإِبْرَٰهِيمَ لَلَّذِينَ ٱتَّبَعُوهُ وَهَٰذَا ٱلنَّبِىُّ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ وَلِىُّ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۝

Inna aulan-naasi bi-ibraahiima lalladziinattaba'uuhu wa haadzan-nabiyyu walladziina aamanuu wallaahu waliyyul mu'miniin.

69. Sagolongan saka wong ahli Kitab ana kang dhemen manawa nyasarake ing sira, dheweke ora padha nyasarake, kajaba mung marang awake dhewe, ananging dheweke ora padha krasa.

٦٩ وَدَّت طَّآئِفَةٌ مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ لَوْ يُضِلُّونَكُمْ ۚ وَمَا يُضِلُّونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمْ ۖ وَمَا يَشْعُرُونَ ۝

Waddath-thaa-ifatum min ahlil-kitaabi lau yudhilluunakum wamaa yudhilluuna illaa anfusahum wamaa yasy'uruun.

---

127). Tiyang Yahudi lan Nasrani sami nganggep Nabi Ibrahim punika golonganipun; Allah ambantah bilih Ibrahim punika dhateng saderengipun Yahudi lan Nasrani.

128). Inggih punika kawontenanipun Musa a.s., 'Isa a.s., lan Muhammad s.a.w.

129). Kawontenanipun Ibrahim a.s.

130). Boten musyrik lan boten sasar.

70. He wong ahli Kitab, yagene teka sira padha kafir ing ayat-ayating Allah, kang mangka sira padha mangerti manawa iku bener.

٧٠ - يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ لِمَ تَكۡفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَأَنتُمۡ تَشۡهَدُونَ ٥

Yaa ahlal-kitaabi lima takfuruuna bi-aayaatil-laahi wa antum tasyhaduun.

71. He wong ahli Kitab, yagene teka sira nyarup barang kang bener kalawan barang kang batal, lan sira ngumpetake barang kang bener mau, [131] ing mangka sira kabeh padha mangerti.

٧١ - يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ لِمَ تَلۡبِسُونَ ٱلۡحَقَّ بِٱلۡبَٰطِلِ وَتَكۡتُمُونَ ٱلۡحَقَّ وَأَنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ٥ ع ١٥

Yaa ahlal-kitaabi lima talbisuunal haqqa bil-baathili wa taktumuunal haqqa wa antum ta'lamuun.

72. Lan sagolongan saka wong ahli Kitab angucap: "Sira padha percaya ing Kitab Quraan kang diturunake marang wong-wong kang padha iman ana ing wiwitaning awan yaiku wayah esuk, lan sira padha ngafirake-maido ana ing wayah sorene, supaya wong-wong Mu'min mau padha bali marang kekafiran".

٧٢ - وَقَالَت طَّآئِفَةٌ مِّنۡ أَهۡلِ ٱلۡكِتَٰبِ ءَامِنُواْ بِٱلَّذِيٓ أُنزِلَ عَلَى ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَجۡهَ ٱلنَّهَارِ وَٱكۡفُرُوٓاْ ءَاخِرَهُۥ لَعَلَّهُمۡ يَرۡجِعُونَ ٥

Wa qaalath-thaa-ifatum min ahlil-kitaabi aaminuu bil-ladzii unzila 'alal-ladziina aamanuu wajhan-nahaari wakfuruu aakhirahuu la'allahum yarji'uun.

73. Lan sira aja padha percaya kajaba mung marang wong kang manut Agamanira Yahudi Nasrani. [132] Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata pituduh kang bener iku mung saka ngarsaning Allah". Lan aja pisan-pisan percaya manawa arep diparingi marang sawijining wong, kaya dene kang diparingake marang sira, lan maneh aja percaya manawa dheweke bakal bisa ngalahake hujjahmu ana ngarsaning Allah. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata kanugerahan iku ana astaning Allah, kaparingake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe". Allah iku Maha Jembar sarta Maha Wikan.

٧٣ - وَلَا تُؤۡمِنُوٓاْ إِلَّا لِمَن تَبِعَ دِينَكُمۡ قُلۡ إِنَّ ٱلۡهُدَىٰ هُدَى ٱللَّهِ أَن يُؤۡتَىٰٓ أَحَدٞ مِّثۡلَ مَآ أُوتِيتُمۡ أَوۡ يُحَآجُّوكُمۡ عِندَ رَبِّكُمۡۗ قُلۡ إِنَّ ٱلۡفَضۡلَ بِيَدِ ٱللَّهِ يُؤۡتِيهِ مَن يَشَآءُۗ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٞ ٥

Wa laa tu'minuu illaa liman tabi'a diinakum qul innalhudaa hudal-laahi an yu'taa ahadum mitsla maa uutiitum au yuhaajjuukum 'inda rabbikum qul innal fadhla biyadillaahi yu'tiihi may yasyaa-u wallaahu waasi'un 'aliim.

Pokale wong Yahudi ala

74. Panjenengane anamtokake kalawan sih Rakhmate marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, Allah iku kagungan kanugerahan kang sarwa agung.

٧٤ - يَخۡتَصُّ بِرَحۡمَتِهِۦ مَن يَشَآءُۚ وَٱللَّهُ ذُو ٱلۡفَضۡلِ ٱلۡعَظِيمِ ٥

Yakhtashshu bi rahmatihii may yasyaa-u wal-laahu dzul-fadhlil 'azhiim.

75. Lan ana sawenehe wong ahli Kitab kang manawa sira amanah (nitipake) bandha akeh marang dheweke, dheweke ambalekake bandha mau marang sira, lan sawenehe ma-

٧٥ - وَمِنۡ أَهۡلِ ٱلۡكِتَٰبِ مَنۡ إِن تَأۡمَنۡهُ بِقِنطَارٖ يُؤَدِّهِۦٓ إِلَيۡكَ وَمِنۡهُم مَّنۡ إِن تَأۡمَنۡهُ بِدِينَارٖ لَّا يُؤَدِّهِۦٓ

131). Kenabianipun Nabi Muhammad s.a.w. kaweca ing Taurat lan Injil.

132). Supados piyambakipun boten estu lumebet Islam, utawi tiyang ingkang sampun lumebet Islam lajeng manahipun mamang, utawi wangsul kafir malih.

neh ana kang manawa sira nitipake dhuw sadinar bahe, dheweke ora gelem ambalekake dinar mau marang sira, kajaba manawa sira ngujeg-ujeg marang dheweke. Kang mangkono mau mangertia, jalaran dheweke padha angucap: "Ora dosa tumrap kita manawa kita ora padha nuhoni netepi janji marang wong kang padha bodho". Lan dheweke padha ngucapake gegorohan ing ngatase Allah, ing mangka dheweke iku padha mangerti yen pangucape dhewe iku goroh-ngethek.

إِلَيْكَ إِلَّا مَا دُمْتَ عَلَيْهِ قَآئِمًا ۚ ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَالُوا
لَيْسَ عَلَيْنَا فِي الْأُمِّيِّينَ سَبِيلٌ ۚ وَيَقُولُونَ عَلَى اللَّهِ
الْكَذِبَ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ۝

Wa min ahlil-kitaabi man in ta'manhu bi-qinthaariy yu-addihii ilaika wa minhum man in ta'manhu bi diinaaril laa yu-addihii ilaika maa dumta 'alaihi qaa-iman dzaalika bi annahum qaaluu laisa 'alainaa fil-ummiyyiina sabiiluw wa yaquuluu-na 'alal-laahil-kadziba wa hum ya'lamuun.

76. Ora kaya mangkono iku, sanyata sapa kang anetepi janji kang disaguhi, lan taqwa. mangka sanyata Allah iku remen wong kang padha taqwa ing Panjenengane.

٧٦- بَلَىٰ مَنْ أَوْفَىٰ بِعَهْدِهِ وَاتَّقَىٰ فَإِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ
الْمُتَّقِينَ ۝

Balaa man aufaa bi'ahdihii wat-taqaa fa innal-laaha yuhibbul muttaqiin.

77. Sanyata wong kang padha nukar janjine Allah, lan sumpah-sumpahe kalawan rega sathithik, dheweke besuk ana ing Akherat ora bakal oleh kabegjan jati, lan Allah ora karsa ngandikani apa-apa marang dheweke, sarta Panjenengane ora karsa mirsani marang dheweke besuk dina Qiyamat, apa dene Panjenengane ora karsa nucekake marang dheweke, lan dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang anglarani.

٧٧- إِنَّ الَّذِينَ يَشْتَرُونَ بِعَهْدِ اللَّهِ وَأَيْمَانِهِمْ ثَمَنًا
قَلِيلًا أُولَٰئِكَ لَا خَلَاقَ لَهُمْ فِي الْآخِرَةِ وَلَا يُكَلِّمُهُمُ
اللَّهُ وَلَا يَنظُرُ إِلَيْهِمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ وَلَا يُزَكِّيهِمْ
وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Innal-laoziina yasytaruuna bi'ahdil-laahi wa aimaanihim tsamanan qaliilan ulaa-ika laa khalaaqa lahum fil-aakhirati wa laa yukallimu humul-laahu wa laa yanzhuru ilaihim yaumal-qiyaamati wa laa yuzakkiihim walahum 'adzaabun aliim.

78. Sanyata saweneh saka wong-wong ahl Kitab ana sagolongan kang padha mlencengake pangucape ana ing pamacaning Kitab, supaya sira padha duwe pangira yen kang diwaca iku saka Kitab, mangka sajatine dudu saka Kitab. Dheweke padha ngucap: "Iku terang saka ngarsaning Allah, kang mangka sajatine dudu saka ngarsaning Allah. Lan dheweke padha ngucapake gegorohan ing ngatase (diakokake saka) Allah, ing mangka dheweke iku padha mangerti manawa pangucape goroh.

٧٨- وَإِنَّ مِنْهُمْ لَفَرِيقًا يَلْوُونَ أَلْسِنَتَهُم بِالْكِتَابِ
لِتَحْسَبُوهُ مِنَ الْكِتَابِ وَمَا هُوَ مِنَ الْكِتَابِ وَيَقُولُونَ
هُوَ مِنْ عِندِ اللَّهِ وَمَا هُوَ مِنْ عِندِ اللَّهِ وَيَقُولُونَ
عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ۝

Wa inna minhum lafariiqay yalwuuna al-sinatahum bil kitaabi litahsabuuhu minal kitaabi wa maa huwa minal kitaabi wa yaquuluuna huwa min 'indil-laahi wa maa huwa min 'indil-laahi wa yaquuluuna 'alal-laahil kadziba wa hum ya'lamuun.

Nabi ora bakal amrintahake manungsa supaya nyembah ing Nabi.

79. Ora satrepe-wajare tumrap wong kang diparingi dening Allah Al Kitab, hikmah, lan

٧٩- مَا كَانَ لِبَشَرٍ أَن يُؤْتِيَهُ اللَّهُ الْكِتَابَ وَالْحُكْمَ وَ

kenabian, tumuli dheweke angucap marang para manungsa: "Sira padha nyembaha ing Aku, datan nyembah ing Allah". Ananging dheweke mesthi angucap: "Sira padha dadia wong-wong robbani,[133] jalaran sira tansah padha mulang-wuruk Al Kitab, apa dene sira wus padha tetep nyinahu".

النُّبُوَّةَ ثُمَّ يَقُولَ لِلنَّاسِ كُونُوا عِبَادًا لِّي مِن دُونِ
اللَّهِ وَلَٰكِن كُونُوا رَبَّانِيِّينَ بِمَا كُنتُمْ تُعَلِّمُونَ الْكِتَٰبَ
وَبِمَا كُنتُمْ تَدْرُسُونَ ۝

Maa kaana libasyarin ay-yu'tiyahul-laahul-kitaaba wal-hukma wan-nubuwwata tsumma yaquula lin-naasi kuunuu 'ibaadal-lii min duunil-laahi walaakin kuunuu rabbaaniyyiina bimaa kuntum tu'allimuunal-kitaaba wa bimaa kuntum tadrusuun.

80. "Lan ora wajar tumrap dheweke marintah anetepake Malaikat lan para Nabi dadi Pangeran, apata patut dheweke marintah ing sira tumindak kafir ing mangka sira wus ngrasuk Agama Islam?"

٨٠ - وَلَا يَأْمُرَكُمْ أَن تَتَّخِذُوا الْمَلَٰٓئِكَةَ وَالنَّبِيِّينَ أَرْبَابًا ۗ
أَيَأْمُرُكُم بِالْكُفْرِ بَعْدَ إِذْ أَنتُم مُّسْلِمُونَ ۝ ع ١٢

Wa laa ya'murakum an tattakhidzul-malaa-ikata wan-nabiyyiina arbaaban a-ya'murukum bil-kufri ba'da idz antum muslimuun.

Kanabiane Muhammad s.a.w.

81. Lan elinga ing nalika Allah mundhut perjanjian kalawan para Nabi:[134] "Sanyata apa bahe kang Ingsun paringake marang sira awujud Kitab lan Hikmah, banjur nekani marang sira Utusan kang ambenerake Kitab cecekelanira, mesthi sira bakal iman temenan marang dheweke lan mitulungi". Dhawuhing Allah: "Apa sira wus padha nyanggemi lan wus padha nampa perjanjian Ingsun tumrap kang mangkono mau?" Dheweke munjuk atur: "Kita sampun sami anyanggemi". Allah tumuli dhawuh maneh: "Sira padha nyeksenana, he para Nabi, Ingsun kalawan sira dadi saksi".

٨١ - وَإِذْ أَخَذَ اللَّهُ مِيثَٰقَ النَّبِيِّينَ لَمَآ ءَاتَيْتُكُم مِّن
كِتَٰبٍ وَحِكْمَةٍ ثُمَّ جَآءَكُمْ رَسُولٌ مُّصَدِّقٌ لِّمَا
مَعَكُمْ لَتُؤْمِنُنَّ بِهِۦ وَلَتَنصُرُنَّهُۥ ۚ قَالَ ءَأَقْرَرْتُمْ
وَأَخَذْتُمْ عَلَىٰ ذَٰلِكُمْ إِصْرِى ۖ قَالُوٓا أَقْرَرْنَا ۚ قَالَ
فَٱشْهَدُوا۟ وَأَنَا۠ مَعَكُم مِّنَ ٱلشَّٰهِدِينَ ۝

Wa idz akhadzal-laahu miitsaaqan-nabiyyiina lamaa aataitukum min kitaabiw wa hikmatin tsumma jaa-akum rasuulum mushaddiqul limaa ma'akum latu'minunna bihii wa latanshurunnahuu qaala aqrartum wa akhadztum 'alaa dzaalikum ishrii qaaluu aqrarnaa qaala fasyhaduu wa ana ma'akum minasy-syaahidiin.

82. Ewa dene sapa kang padha mlengos sawuse mangkono iku, hiya dheweke iku wong kang padha duraka.[135]

٨٢ - فَمَن تَوَلَّىٰ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْفَٰسِقُونَ ۝

Faman tawallaa ba'da dzaalika fa ulaaika humul faasiquun.

83. Kang iku, apa dheweke padha angupaya Agama saliyane Agamaning Allah, ing mangka wong sakurebing Langit lan salumahing

٨٣ - أَفَغَيْرَ دِينِ ٱللَّهِ يَبْغُونَ وَلَهُۥٓ أَسْلَمَ مَن فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ
وَٱلْأَرْضِ طَوْعًا وَكَرْهًا وَإِلَيْهِ يُرْجَعُونَ ۝

133). **Robbani**, punika tiyang ingkang sampurna ilmu lan taqwa-nipun dhumateng Allah.

134). Parjanjianipun para andika Nabi kaliyan Allah s.w.t. inggih punika, sarawuhipun Rasul ingkang asma Muhammad, piyambakipun badhe sami iman lan ambiyantu, punika perjanjian anangsuli ugi ummatipun.

135). **Duraka** utawi **fasik** punika boten anggatosaken dhawuhing Allah s.w.t.

Bumi iku padha sumarah marang Panjenengane, kalawan karepe dhewe, utawa kalawan roda-paripeksa, lan ana ngarsaning Allah, dheweke bakal padha disowanake.

Afaghaira diinil-laahi yabghuuna wa lahuu aslama man fis-samaawaati wal-ardhi thau'aw wa karhaw wa ilaihi yurja'uun.

84. . Dhawuha sira Muhammad: "Kita wus padha iman ing Allah, lan Kitab kang wus diturunake marang kita, lan Kitab kang wus diturunake marang Nabi Ibrahim, Nabi Isma'il, Nabi Ishaq, Nabi Ya'qub sarta tedhakturune, lan iman marang Kitab kang diturunake marang Nabi Musa, Nabi 'Isa, lan sakabehing para andika Nabi saka Pangerane. Kita ora padha ambedake antarane siji-lan-sijine para Nabi mau, lan kita padha sumarah lega-lila marang Panjenengane Allah".

٨٤- قُلْ اٰمَنَّا بِاللّٰهِ وَمَآ اُنْزِلَ عَلَيْنَا وَمَآ اُنْزِلَ عَلٰٓى اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْمٰعِيْلَ وَاِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ وَالْاَسْبَاطِ وَمَآ اُوْتِيَ مُوْسٰى وَعِيْسٰى وَالنَّبِيُّوْنَ مِنْ رَّبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ اَحَدٍ مِّنْهُمْ وَنَحْنُ لَهٗ مُسْلِمُوْنَ ۝

Qul aamannaa bil-laahi wa maa unzila 'alainaa wa maa unzila 'alaa ibraahiima wa ismaa'iila wa is-haaqa wa ya'quuba wal asbaathi wa maa uutiya muusaa wa 'iisaa wan-nabiyyuuna mir-rabbihim laa nufarriqu baina ahadim minhum wa nahnu lahuu muslimuun.

85. Ana dene, sapa kang ngupaya Agama saliyane Agama Islam, dheweke ora bakal ditampa dening Panjenengane Allah, lan dheweke ana ing Akherat kalebu golongane wong kang padha kapitunan.

٨٥- وَمَنْ يَّبْتَغِ غَيْرَ الْاِسْلَامِ دِيْنًا فَلَنْ يُّقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي الْاٰخِرَةِ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ ۝

Wa may yabtaghi ghairal islaami diinan falay yuqbala minhu wa huwa fil-aakhirati minal khaasiriin.

86. Kapriye Panjenengane Allah karsa anuduhake wong-wong kang padha kafir sawuse iman, lan dheweke wus padha anyekseni manawa Rasul iku temen-haq, apa dene wus teka marang dheweke pirang-pirang tandha yekti kang nyata, Allah iku ora pisan-pisan karsa anuduhake marang wong kang padha anganiaya.

٨٦- كَيْفَ يَهْدِي اللّٰهُ قَوْمًا كَفَرُوْا بَعْدَ اِيْمَانِهِمْ وَشَهِدُوْٓا اَنَّ الرَّسُوْلَ حَقٌّ وَّجَآءَهُمُ الْبَيِّنٰتُ ۭ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Kaifa yahdil-laahu qauman kafaruu ba'da iimaanihim wa syahiduu annar-rasuula haqquw wa jaa-ahumul-bayyinaatu wal laahu laa yahdil qaumaz-zhaalimiin.

87. Mungguh piwalese wong kang kaya mangkono mau, ora liya bakal kapatrapan la'nating Allah, sarta benduning Malaikat, lan benduning para manungsa kabeh sajagadrat.

٨٧- اُولٰۗىِٕكَ جَزَاۗؤُهُمْ اَنَّ عَلَيْهِمْ لَعْنَةَ اللّٰهِ وَالْمَلٰۗىِٕكَةِ وَالنَّاسِ اَجْمَعِيْنَ ۙ

Ulaa-ika jazaa-uhum anna 'alaihim la'natal-laahi wal-malaa-ikati wan-naasi ajma'iin.

88. Siksa tumrap dheweke langgeng ana ing kono, ora bakal padha dienthengake siksane, lan ora bakal disarantekake siksane.

٨٨- خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۚ لَا يُخَفَّفُ عَنْهُمُ الْعَذَابُ وَلَا هُمْ يُنْظَرُوْنَ ۙ

Khaalidiina fiihaa laa yukhaffafu 'anhul 'adzaabu wa laa hum yunzharuun.

89. Kajaba wong kang padha gelem tobat sawuse tumindak kang mangkono mau, sarta padha ambecikake tumindake, 136) mangka sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٨٩- إِلَّا الَّذِينَ تَابُوا مِنْ بَعْدِ ذَٰلِكَ وَأَصْلَحُوا فَإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Illal-ladziina taabuu mim ba'di dzaalika wa ashlahuu fa-innal-laaha ghafuurur rahiim.

90. Sanyata wong-wong kang padha kafir sawuse padha iman, banjur tambah-tambah kafire, ora pisan-pisan padha ditampa tobate, lan wong kang mangkono mau padha kasasar.

٩٠ إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا بَعْدَ إِيمَانِهِمْ ثُمَّ ازْدَادُوا كُفْرًا لَنْ تُقْبَلَ تَوْبَتُهُمْ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الضَّالُّونَ ۝

Innal-ladziina kafaruu ba'da iimaanihim tsummazdaaduu kufral lan tuqbala taubatuhum wa ulaa-ika humudh-dhaalluun.

91. Sanyata wong-wong kang padha kafir, lan padha mati, sarta dheweke isih tetep kafire, ora pisan-pisan ditampa, sanajana sawiji-wijining wong mau arep anebusi awake nganggo emas sakebaking Bumi. Wong kang mangkono mau bakal padha kapatrapan siksa kang anglarani, sarta ora bakal ana kang bisa nulungi marang dheweke.

٩١ إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَمَاتُوا وَهُمْ كُفَّارٌ فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْ أَحَدِهِمْ مِلْءُ الْأَرْضِ ذَهَبًا وَلَوِ افْتَدَىٰ بِهِ ۗ أُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ وَمَا لَهُمْ مِنْ نَاصِرِينَ ۝

Innal-ladziina kafaruu wa maa tuu wa hum kuffaarun falay yuqbala min ahadihim mil-ul ardhi dzahabaw wa lawiftadaa bihii ulaa-ika lahum 'adzaabun aliimuw wa maa lahum min naashiriin.

JUZ 4

92. Ora pisan-pisan sira kabeh tumeka ing pangabekti-panembah kang sampurna, kajaba sira nanjakake-nafakah saweneh barang darbekira kang sira tresnani, lan apa kang padha sira danakake mau, mesthi bakal diwuningani ing Allah, (banjur diparingi ganjaran tikel matikel).

٩٢ لَنْ تَنَالُوا الْبِرَّ حَتَّىٰ تُنْفِقُوا مِمَّا تُحِبُّونَ ۚ وَمَا تُنْفِقُوا مِنْ شَيْءٍ فَإِنَّ اللَّهَ بِهِ عَلِيمٌ ۝

Lan tanaalul birra hattaa tunfiquu mimmaa tuhibbuun, wa maa tunfiquu min syai-in fa innallaaha bihii 'aliim.

93. Sakabehing pepanganan iku halal, tumrap wong Bani Israil, kajaba panganan kang diharamake dening Israil (Ya'qub), kanggo dheweke dhewe sadurunge Kitab Taurat diturunake.137) Dhawuha sira Muhammad: "Mara sira anekakna Kitab Taurat, (manawa sira angucapake ana panganan kang diharamake sadurunge tumuruning Taurat), nuli padha wacanen Kitab mau, manawa sira iku nyata wong kang bener".

٩٣ كُلُّ الطَّعَامِ كَانَ حِلًّا لِبَنِي إِسْرَائِيلَ إِلَّا مَا حَرَّمَ إِسْرَائِيلُ عَلَىٰ نَفْسِهِ مِنْ قَبْلِ أَنْ تُنَزَّلَ التَّوْرَاةُ ۗ قُلْ فَأْتُوا بِالتَّوْرَاةِ فَاتْلُوهَا إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ۝

Kulluth-tha'aami kaana hillal libanii israa-iila illaa maa harrama israa-iilu 'alaa nafsihii min qabli an tunazzalat-tauraah, qul fa'tuu bittauraati fatluuhaa in kuntum shaadiqiin.

136). **Amal shaleh** utawi tumindak kasaenan punika ingkang positif sarta konstruktif damel kawilujengan sarta makmuring Rakyat ngakathah; sami ugi ing laladan kasaenaning politik tata-negari, kasaenan ekonomi, kasaenan kaamanan-pertahanan, kasaenan sosial budaya, kasaenan ngagesang agama (taqwa), cekak aosipun ingkang nami amal shaleh punika boten namung dedana, zakat, dados guru, lan sanes-sanesipun, nanging kasaenan ingkang nglimputi sadaya aspek gesang bebrayan.

137). **Tetedhan ingkang dipun haramaken minangka hukuman kados ingkang kasebat ing surat Al An'aam ayat 146 lan surat An Nisaa ayat 160.**

94. Sawuse kedadeyan iku, sapa kang agawe gegorohan diakokake saka ngarsaning Allah, hiya wong kang kaya mangkono iku kang padha nganiaya.

٩٤ فَمَنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ الْكَذِبَ مِنْۢ بَعْدِ ذٰلِكَ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ۝

Fa maniftaraa 'alallaahil kadziba mimba'di dzaalika fa ulaa-ika humuzh zhaalimuun.

95. Dhawuha sira Muhammad: "Mangertia dhawuhing Allah iku kabeh bener, mula saka iku, sira padha manuta ing Agamaning Nabi Ibrahim kang bener, lan panjenengane iku ora kalebu golongane wong kang padha musyrik".

٩٥ قُلْ صَدَقَ اللّٰهُ ۗ فَاتَّبِعُوْا مِلَّةَ اِبْرٰهِيْمَ حَنِيْفًا ۭ وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۝

Qul shadaqallaah, fattabi'uu millata ibraahiima haniifaa, wamaa kaana minal musyrikiin.

96. Sanyata wiwitane Padaleman [138] kang diedegake kanggo 'ibadah para manungsa iku sayekti kang ana ing Mekkah, kang tansah Binerkahan, sarta dadi pituduhe wong sa' alam kabeh.

٩٦ اِنَّ اَوَّلَ بَيْتٍ وُّضِعَ لِلنَّاسِ لَلَّذِيْ بِبَكَّةَ مُبٰرَكًا وَّهُدًى لِّلْعٰلَمِيْنَ ۚ ۝

Inna awwala baitiw wudhi'a linnaasi lalladzii bibakkata mubaarakaw wa hudal lil 'aalamiin.

97. Ing kono mau ana pirang-pirang ayat-tetenger kang cetha terang, yaiku sawenehe, Maqam Ibrahim, [139] lan sapa kang malebu ing Bait-Padaleman mau aman-rahayu. Lan para manungsa diwajibake 'ibadah Hajji ing Bait-Padaleman mau muhung karana Allah, yaiku wong kang kuwasa ngambah dalane. [140] Dene sapa kang kafir ambalela, sanyata Allah Maha Sugih, ora butuhake marang wong 'alam jagad-raya.

٩٧ فِيْهِ اٰيٰتٌۢ بَيِّنٰتٌ مَّقَامُ اِبْرٰهِيْمَ ۚ وَمَنْ دَخَلَهٗ كَانَ اٰمِنًا ۭ وَلِلّٰهِ عَلَى النَّاسِ حِجُّ الْبَيْتِ مَنِ اسْتَطَاعَ اِلَيْهِ سَبِيْلًا ۭ وَمَنْ كَفَرَ فَاِنَّ اللّٰهَ غَنِيٌّ عَنِ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Fiihi aayaatum bayyinaatum maqaamu ibraahiima wa man dakhalahuu kaana aaminaa, wa lillaahi 'alan-naasi hijjul baiti manistathaa'a ilaihi sabiilaa, wa man kafara fa innallaaha ghaniyyun 'anil 'aalamiin.

98. Dhawuha sira Muhammad: „He wong ahli Kitab, yagene teka sira padha kafir ing ayat-ayating Allah, kang mangka Allah iku Maha Mirsani ing samubarang kang padha sira tindakake".

٩٨ قُلْ يٰٓاَهْلَ الْكِتٰبِ لِمَ تَكْفُرُوْنَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ ۖ وَاللّٰهُ شَهِيْدٌ عَلٰي مَا تَعْمَلُوْنَ ۝

Qul yaa ahlal kitaabi lima takfuruuna bi aayaatillaahi wallaahu syahiidun 'alaa maa ta'maluun.

99. Dhawuha sira Muhammad: "He wong ahli Kitab, yagene sira padha ngalang-alangi wong-wong kang wus padha iman saka dedalaningaAllah, sira padha duwe karep ala supaya dheweke dadi nyleweng, kang mangka sira padha mangerti kang sabenere. Allah iku ora bakal supe saka tindak kang padha sira lakoni.

٩٩ قُلْ يٰٓاَهْلَ الْكِتٰبِ لِمَ تَصُدُّوْنَ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ مَنْ اٰمَنَ تَبْغُوْنَهَا عِوَجًا وَّاَنْتُمْ شُهَدَاۗءُ ۭ وَمَا اللّٰهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ۝

Qul yaa ahlal kitaabi lima tashudduuna 'an sabiilillaahi man aamana tabghuunahaa 'iwajaw wa antum syuhadaa-u, wa mallaahu bighaafilin 'ammaa ta'maluun.

138). Padaleman 'ibadah ingkang wiwitan punika wonten **Baitul Maqdis**, makaten cariyosipun tiyang Ahli Kitab, nanging Allah SWT ambantah bilih **Baitullah ingkang** wiwitan punika yasanipun Nabi Ibrahim a.s. ing **Masjidil Haram Mekkah.**

139). Panggenanipun Nabi Ibrahim a.s. tumandang damel ambangun Ka'bah, Baitullah ing Mekkah.

140). „Wong kang kuwasa ngambah dalane" inggih punika tiyang ingkang cekap sangu sarta kesah mantukipun, sehat jasmani lan ruhani.

100. He para wong Mu'min kabeh, manawa sira padha manut marang golongane wong kang wus padha diparingi Kitab, yekti dheweke bakal ambalekake ing sira dadi kafir sawuse sira padha iman.

١٠٠ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنْ تُطِيْعُوْا فَرِيْقًا مِّنَ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ يَرُدُّوْكُمْ بَعْدَ اِيْمَانِكُمْ كٰفِرِيْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu in tuthii'uu fariiqam minal ladziina uutul kitaaba yarudduukum ba'da iimaanikum kaafiriin.

101. Kapriye sira teka padha dadi kafir, kang mangka sira padha diwacakake ayat-ayating Allah, apa dene UtusanNe ana ing tengah-tengahira kabeh? Dene sapa kang cecekelan (angrungkebi) Agamaning Allah, sanyata dheweke wus pinaringan pituduh dedalan kang bener.

١٠١ وَكَيْفَ تَكْفُرُوْنَ وَاَنْتُمْ تُتْلٰى عَلَيْكُمْ اٰيٰتُ اللّٰهِ وَفِيْكُمْ رَسُوْلُهٗ ۗ وَمَنْ يَّعْتَصِمْ بِاللّٰهِ فَقَدْ هُدِيَ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Wa kaifa tak furuuna wa antum tutlaa 'alaikum aayaatullaahi wa fiikum rasuuluh, wamay ya'tashim billaahi faqad hudiya ilaa shiraathim mustaqiim.

102. He para wong Mu'min kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatining wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam.

١٠٢ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ حَقَّ تُقٰتِهٖ وَلَا تَمُوْتُنَّ اِلَّا وَاَنْتُمْ مُّسْلِمُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanut taqullaaha haqqa tuqaatihii walaa tamuutunna illaa wa antum muslimuun.

103. Lan sira padha nyekelana kalawan talining (Agama) Allah kang kukuh, lan sira aja padha pepisahan. Sira padha ngelingana ing kani'mataning Allah kang wus kaparingake marang sira, yaiku nalika sira padha memungsuhan, Panjenengane nuli angumpulake ing antarane ati-atinira, tumuli sira padha dadi paseduluran jalaran saka paring kani'mataning Allah. Mangkono uga nalika sira kabeh ana ing sapinggire juranging naraka. Panjenengane Allah banjur anylametake ing sira kabeh saka siksa Neraka, kang mangkono mau Allah karsa anerangake ayat-ayate marang sira, supaya sira padha oleh pituduh.

١٠٣ وَاعْتَصِمُوْا بِحَبْلِ اللّٰهِ جَمِيْعًا وَّلَا تَفَرَّقُوْا ۠ وَاذْكُرُوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ اِذْ كُنْتُمْ اَعْدَاۤءً فَاَلَّفَ بَيْنَ قُلُوْبِكُمْ فَاَصْبَحْتُمْ بِنِعْمَتِهٖٓ اِخْوَانًا ۚ وَكُنْتُمْ عَلٰى شَفَا حُفْرَةٍ مِّنَ النَّارِ فَاَنْقَذَكُمْ مِّنْهَا ۗ كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمْ اٰيٰتِهٖ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُوْنَ ۝

Wa'tashimuu bihablillaahi jamii'aw walaa tafarraquu wadzkuruu ni'matallaahi 'alaikum idz kuntum a'daa-an fa allafa baina quluubikum fa ashbahtum bi ni'matihii ikhwaanaa, wa kuntum 'alaa syafaa hufratin minan naari fa anqadzakum minhaa kadzaalika yubayyinullaahu lakum aayaatihii la'allakum tahtaduun.

104. Anaa sagolongan saka sira kabeh (bebadan) kang ngajak-ajak marang kabecikan[141] padha parentah tindak kabecikan, lan nyegah laku ala, wong kang kaya mangkono mau wong-wong kang padha begja.

١٠٤ وَلْتَكُنْ مِّنْكُمْ اُمَّةٌ يَّدْعُوْنَ اِلَى الْخَيْرِ وَيَاْمُرُوْنَ بِالْمَعْرُوْفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ ۗ وَاُولٰۤىِٕكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

141). **Ma'ruf** maksudipun tumindak ingkang nyelakaken kita dhumateng Allah, dene munkar maksudipun sadaya tumindak ingkang anebihaken kita saking Allah.

Wal takum minkum ummatuy yad'uuna ilal khairi wa ya'muruuna bilma'ruufi wa yanhauna 'anil munkari wa ulaa-ika humul muflihuun.

105. Lan sira aja padha dadi kaya dene wong kang padha pepisahan pating slebar, lan padha padudon-pasulayan sawuse dheweke katekanan pirang-pirang katerangan, wong kang mangkono mau bakal padha kapatrapan siksa kang abot-anggegirisi.

١٠٥- وَلَا تَكُونُوا كَالَّذِينَ تَفَرَّقُوا وَاخْتَلَفُوا مِنْ بَعْدِ مَا جَاءَهُمُ الْبَيِّنَاتُ ۚ وَأُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ۝

Walaa takuunuu kalladziina tafarraquu wakhtalafuu mim ba'di maa jaa-ahumul bayyinaat, wa ulaa-ika lahum 'adzaabun 'azhiim.

106. Yaiku ana ing dina nalika rahine wong kang iman dadi putih, lan rahine wong kang ora iman dadi ireng. Ana dene wong kang rahine padha ireng iku bakal padha didangu: "Apa sira malah dadi kafir, sawuse sira padha iman? Nuli sira saiki padha ngrasakna dhewe siksane jalaran anggonira padha kafir mau".

١٠٦- يَوْمَ تَبْيَضُّ وُجُوهٌ وَتَسْوَدُّ وُجُوهٌ ۚ فَأَمَّا الَّذِينَ اسْوَدَّتْ وُجُوهُهُمْ أَكَفَرْتُمْ بَعْدَ إِيمَانِكُمْ فَذُوقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُونَ ۝

Yauma tabyadhdhu wujuuhuw wa taswaddu wujuuhun fa ammal ladziinaswaddat wujuuhuhum akafartum ba'da iimaanikum fadzuuqul 'adzaaba bimaa kuntum takfuruun.

107. Apa dene wong kang rahine putih, mangka dheweke iku sanyata ana ing Rahmating Allah, yaiku Suwarga, ana ing kono dheweke bakal padha langgeng.

١٠٧- وَأَمَّا الَّذِينَ ابْيَضَّتْ وُجُوهُهُمْ فَفِي رَحْمَةِ اللَّهِ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ۝

Wa ammal ladziinab-yadhdhat wujuuhuhum fa fii rahmatillaah, hum fiihaa khaaliduun.

108. Hiya kaya mangkono iku ayat-ayating Allah, Ingsun wacakake marang sira Muhammad kalawan bener, Allah ora karsa anganiaya marang wong sa'lam jagad-raya.

١٠٨- تِلْكَ آيَاتُ اللَّهِ نَتْلُوهَا عَلَيْكَ بِالْحَقِّ ۗ وَمَا اللَّهُ يُرِيدُ ظُلْمًا لِلْعَالَمِينَ ۝

Tilka aayaatullaahi natluuhaa 'alaika bilhaq, wa mallaahu yuriidu zhulmal lil-'aalamiin.

109. Lan kagunganing Allah iku samubarang kang ana ing Langit, lan ana ing Bumi, lan marang ngarsaning Allah diunjukake kabeh perkara.

١٠٩- وَلِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۗ وَإِلَى اللَّهِ تُرْجَعُ الْأُمُورُ ۝

Wa lillaahi maa fis samaawaati wamaa fil ardh, wa ilallaahi turja'ul umuur.

110. Sira kabeh iku dadi sabecik-beciking ummat kang tinitah ing Donya, tumrap para manungsa, sira padha parentah nindakake panggawe becik, lan padha anyegah saka laku

١١٠- كُنْتُمْ خَيْرَ أُمَّةٍ أُخْرِجَتْ لِلنَّاسِ تَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَتَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَتُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ ۗ وَلَوْ آمَنَ

ala, apa dene sira padha iman ing Allah. Saupama wong ahli Kitab iku padha gelem iman, yekti bakal nemu becik tumrap dheweke. Sawenehe wong mau ana kang iman, ananging kang akeh padha duraka.

اَهْلُ الْكِتٰبِ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ ۚ مِنْهُمُ الْمُؤْمِنُوْنَ وَ
اَكْثَرُهُمُ الْفٰسِقُوْنَ ۝

Kuntum khaira ummatin ukhrijat linnaasi ta'muruuna bil ma'ruufi wa tanhauna 'anil munkari wa tu'minuuna billaah, walau aamana ahlul kitaabi lakaana khairal lahum, minhumul mu'minuuna wa aktsaruhumul faasiquun.

111. Dheweke ora pisan-pisan bisa gawe cilaka marang sira kabeh, kajaba mung bisa agawe laraning atinira, manawa dheweke padha merangi ing sira mesthi dheweke padha tinggal gelanggang acolong playu, tumuli dheweke ora padha diparingi pitulung.

١١١ـ لَنْ يَّضُرُّوْكُمْ اِلَّآ اَذًى ۭ وَاِنْ يُّقَاتِلُوْكُمْ يُوَلُّوْكُمُ
الْاَدْبَارَ ۚ ثُمَّ لَا يُنْصَرُوْنَ ۝

Lay yadhurrukum illaa adzaa, wa iyyuqaatiluukum yuwalluukumul adbaara tsumma laa yunsharuun.

112. Wong-wong mau ana ing ngendi bahe tinemune padha digawe asor-nistha, kajaba manawa banjur padha gelem cecekelan tali saka ngarsaning Allah, lan tali saka manungsa. 142) Dheweke iku padha oleh bebendu saka ngarsaning Allah, lan padha nandhang kemiskinan. Kang kaya mangkono mau jalaran dheweke ora padha iman ing ayat-ayating Allah, lan padha mrajaya para Nabi kalawan ora sabenere (dosa), kang mangkono mau kagawa 143) saka anggone padha tindak duraka lan ngliwati angger-angger.

١١٢ـ ضُرِبَتْ عَلَيْهِمُ الذِّلَّةُ اَيْنَ مَا ثُقِفُوْٓا اِلَّا بِحَبْلٍ مِّنَ اللّٰهِ
وَحَبْلٍ مِّنَ النَّاسِ وَبَآءُوْ بِغَضَبٍ مِّنَ اللّٰهِ وَضُرِبَتْ
عَلَيْهِمُ الْمَسْكَنَةُ ۭ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ كَانُوْا يَكْفُرُوْنَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ وَيَقْتُلُوْنَ
الْاَنْۢبِيَاۗءَ بِغَيْرِ حَقٍّ ۭ ذٰلِكَ بِمَا عَصَوْا وَّكَانُوْا يَعْتَدُوْنَ ۝

Dzuribat 'alaihimudz dzillatu aina maa tsuqifuu illaa bihablim minallaahi wa hablim minan naasi wa baa-uu bighadhabim minallaahi wa dhuribat 'alaihimul maskanah, dzaalika bi annahum kaanuu yakfuruuna bi aayaatillaahi wa yaqtuluunal ambiyaa-a bi ghairi haqq, dzaalika bimaa 'ashau wa kaanuu ya'taduun.

113. Ora kabeh wong ahli Kitab iku padha, ananging sawenehe wong ahli Kitab iku ana sagolongan kang jejeg nyekeli kabeneran, 144) lan tansah maca ayat-ayating Allah ana wayah wengi, sarta padha sujud (sholat).

١١٣ـ لَيْسُوْا سَوَاۗءً ۭ مِنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ اُمَّةٌ قَاۗىِٕمَةٌ يَّتْلُوْنَ
اٰيٰتِ اللّٰهِ اٰنَاۗءَ الَّيْلِ وَهُمْ يَسْجُدُوْنَ ۝

Laisuu sawaa-am min ahlil kitaabi ummatun qaa-imatuy yatluuna aayaatillaahi aanaa-al laili wahum yasjuduun.

114. Wong-wong mau padha iman ing Allah, lan Dina Akhir, lan padha parentah tumindak becik, sarta nyegah laku ala, lan padha gegancangan ana ing tumindak kabecikan, wong kang kaya mangkono mau kalebu ewone wong kang padha becik - saleh.

١١٤ـ يُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَيَاْمُرُوْنَ بِالْمَعْرُوْفِ
وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُسَارِعُوْنَ فِي الْخَيْرٰتِ ۭ
وَاُولٰۗىِٕكَ مِنَ الصّٰلِحِيْنَ ۝

Yu'minuuna billaahi wal yaumil aakhiri wa ya'muruuna bilma'ruufi wa yanhauna 'anil munkari wa yusaari'uuna bil khairaat, wa ulaa-ika minash shaalihiin.

142). Maksudipun tiyang ingkang anetepi agaminipun Allah tamtu angsal pangayoman saking ingkang dipun tetepaken Allah wonten ing Al Quraan, sarta pangayoman saking pemerintahan Islam.
143). Inggih punika anggenipun kafir lan mrajaya ing para Nabi.
144). Ahli Kitab ingkang sampun ngrasuk Agama Islam.

115. Lan apa bahe kabecikan kang padha ditindakake iku ora babar-pisan bakal disirnakake ganjarane, Allah iku Maha Wikan marang wong kang padha wedi marang Panjenengane.

١١٥- وَمَا يَفْعَلُوا مِنْ خَيْرٍ فَلَنْ يُكْفَرُوهُ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِالْمُتَّقِينَ ۝

Wamaa yaf'aluu min khairin falay yukfaruuh, wallaahu 'aliimum bil muttaqiin.

116. Sanyata wong kang padha kafir, bandha lan anak-anake ora bakal bisa menehi paedah apa-apa marang dheweke saka siksaning Allah, wong kang mangkono mau dadi ahli Neraka, sarta padha langgeng.

١١٦- إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا لَنْ تُغْنِيَ عَنْهُمْ أَمْوَالُهُمْ وَلَا أَوْلَادُهُمْ مِنَ اللَّهِ شَيْئًا ۖ وَأُولَٰئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ۝

Innal ladziina kafaruu lan tughniya 'anhum amwaaluhum walaa aulaaduhum minallaahi syai-aa, wa ulaa-ika ash-haabun naari hum fiihaa khaaliduun.

117. Sanepane bandha kang padha ditanjakake dheweke ana ing panguripan Donya, iku kaya dene angin kang adhem njekut, niyup tetandurane wong kang padha nganiaya awake dhewe, nuli ngrusak temenan. Allah ora pisan-pisan karsa nganiaya marang wong-wong mau, ananging dheweke dhewe kang padha nganiaya marang awake dhewe.

١١٧- مَثَلُ مَا يُنْفِقُونَ فِي هَٰذِهِ الْحَيَاةِ الدُّنْيَا كَمَثَلِ رِيحٍ فِيهَا صِرٌّ أَصَابَتْ حَرْثَ قَوْمٍ ظَلَمُوا أَنْفُسَهُمْ فَأَهْلَكَتْهُ ۚ وَمَا ظَلَمَهُمُ اللَّهُ وَلَٰكِنْ أَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ۝

Matsalu maa yunfiquuna fii haadzihil hayaatid dun-yaa kamatsali riihin fiihaa shirrun ashaabat hartsa qaumin zhalamuu anfusahum fa-ahlakathu, wamaa zhalamahumullaahu walaakin anfusahum yazhlimuun.

Pepacuh ngalap mitra pinercaya marang Yahudi.

118. He wong-wong kang padha iman, sira aja padha memitran saka saliyane kancanira Islam, dheweke ora leren-leren tansah duwe pamrih kasangsaran marang sira, dheweke padha seneng barang kang gawe susahing sira, temenan nganti kawetu saka lesane anggone gething marang sira, lan barang kang disidhem ing atine wong-wong mau luwih gawat. Sanyata Ingsun wus anerangake pirang-pirang tandha yekti marang sira, manawa sira padha gelem mikir-mikir.

١١٨- يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَتَّخِذُوا بِطَانَةً مِنْ دُونِكُمْ لَا يَأْلُونَكُمْ خَبَالًا ۚ وَدُّوا مَا عَنِتُّمْ ۚ قَدْ بَدَتِ الْبَغْضَاءُ مِنْ أَفْوَاهِهِمْ ۖ وَمَا تُخْفِي صُدُورُهُمْ أَكْبَرُ ۚ قَدْ بَيَّنَّا لَكُمُ الْآيَاتِ إِنْ كُنْتُمْ تَعْقِلُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattakhidzuu bithaanatam min duunikum laa ya'luunakum khabaalaa, wadduu maa 'anittum qad badatil baghdhaa-u min afwaahihim wamaa tukhfii shuduuruhum akbar, qad bayyannaa lakumul aayaati in kuntum ta'qiluun.

119. He para wong Mu'min, hiya kaya mangkono iku sira dhemen marang dheweke, ing mangka dheweke iku gething marang sira. Sira padha iman sakabehing Kitab-Kitab,

١١٩- هَا أَنْتُمْ أُولَاءِ تُحِبُّونَهُمْ وَلَا يُحِبُّونَكُمْ وَتُؤْمِنُونَ بِالْكِتَابِ كُلِّهِ ۖ وَإِذَا لَقُوكُمْ قَالُوا آمَنَّا ۖ وَإِذَا خَلَوْا

ananging wong-wong mau maido-kafir marang Quraan. Manawa wong-wong mau ketemu ing sira, dheweke ngucap: "Kita iman", lan manawa dheweke wus padha mungkur, dheweke padha nyokot-nyokot drijine dhewe sebab saka muringe marang sira. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha matia kagawa saka muring-muringira dhewe". Sanyata Allah iku Maha Ngawuningani barang kang ana ing sajeroning ati.

عَضُّوْا عَلَيْكُمُ الْاَنَامِلَ مِنَ الْغَيْظِ ۭ قُلْ مُوْتُوْا بِغَيْظِكُمْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلِيْمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝

Haa antum uulaa-i tuhibbuunahum wa laa yuhibbuunakum wa tu'minuuna bil-kitaabi kullihii wa idzaa laquukum qaaluu aamannaa, wa idzaa khalau 'adhdhuu 'alaikumul anaamila minal-ghaizh, qul muutuu bighaizhikum, innallaaha 'aliimum bidzaatish-shuduur.

120. Manawa sira padha oleh kanugerahan-kabecikan, mesthi andadekake susahe wong kafir mau, dene manawa sira padha ketaman reribet, tamtu andadekake bungahe wong-wong kafir mau, lan manawa sira padha tenang-sabar, sarta taqwa ing Allah, mangertia paekane wong kafir iku ora tumama ambebayani marang sira sithik-sithika. Sanyata Allah iku nglimputi marang barang kang padha ditindakake.

١٢٠ اِنْ تَمْسَسْكُمْ حَسَنَةٌ تَسُؤْهُمْ ۡ وَاِنْ تُصِبْكُمْ سَيِّئَةٌ يَّفْرَحُوْا بِهَا ۭ وَاِنْ تَصْبِرُوْا وَتَتَّقُوْا لَا يَضُرُّكُمْ كَيْدُهُمْ شَيْـــًٔا ۭ اِنَّ اللّٰهَ بِمَا يَعْمَلُوْنَ مُحِيْطٌ ۝ ع ١٢

In tamsaskum hasanatun tasu'hum wa in tushibkum sayyi-atuy yafrahuu bihaa, wa in tashbiruu wa tattaquu laa yadhurrukum kaiduhum syai-aa, innallaaha bimaa ya'maluuna muhiith.

Palagan perang Badar lan Uhud.

121. Muhammad, sira elinga, nalika sira metu saka omah kulawarganira ing wayah fajar-subuh, sira mapanake wong-wong Mu'min ana ing palagan paprangan,[145] Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani.

١٢١ وَاِذْ غَدَوْتَ مِنْ اَهْلِكَ تُبَوِّئُ الْمُؤْمِنِيْنَ مَقَاعِدَ لِلْقِتَالِ ۭ وَاللّٰهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

Wa idz ghadauta min ahlika tubawwi-ul mu'miniina maqaa'ida lil qitaal, wallaahu samii'un 'aliim.

122. Nalika rong golongan[146] saka sira nediya ngucira, mangertia Allah iku mitulungi marang rong golongan mau, lan hiya mung marang ngarsaning Allah wong Mu'min padha pasrah-tawakal.

١٢٢ اِذْ هَمَّتْ طَّاۗىِٕفَتٰنِ مِنْكُمْ اَنْ تَفْشَلَا ۙ وَاللّٰهُ وَلِيُّهُمَا ۭ وَعَلَى اللّٰهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُوْنَ ۝

Idz hammat thaa-ifataani minkum an tafsyalaa wallaahu waliyyuhumaa, wa 'alallaahi fal yatawakkalil mu'minuun.

123. Sanyata Allah wus paring Pitulung ing sira, ana sajeroning perang Badar, nalika iku sira lagi apes,[147] mula saka iku sira tansah padha taqwa ing Allah, muga-muga sira padha syukur.

١٢٣ وَلَقَدْ نَصَرَكُمُ اللّٰهُ بِبَدْرٍ وَّاَنْتُمْ اَذِلَّةٌ ۚ فَاتَّقُوا اللّٰهَ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝

Wa laqad nashara kumullaahu bibadriw wa antum adzillah, fattaqullaaha la'allakum tasykuruun.

---

145). **Perang Uhud tahun 3 Hijrah.**

146). **Golongan Banu Salamah saking Khazraj lan Banu Haritsah saking Aus, kekalihipun bergada tiyang Islam.**

147). **Kondisi wadyabala Islam apes sebab cacahing man power sakedhik, sarta abrak-pirantosing perang sarta logistik namung alit sanget tinimbang mengsah.**

124. Ing nalika sira Muhammad dhawuh: "Apata durung anyukupi ing sira anggone Pangeranira paring sarana telung ewu wadiya-bala armada para Malaikat kang tinurunake.

١٢٤ إِذْ تَقُولُ لِلْمُؤْمِنِينَ أَلَن يَكْفِيَكُمْ أَن يُمِدَّكُمْ رَبُّكُم بِثَلَاثَةِ آلَافٍ مِّنَ الْمَلَائِكَةِ مُنزَلِينَ ۝

Idz taquulu lil mu'miniina alay yakfiyakum ay yumiddakum rabbukum bitsalaatsati aalaafim minal malaa-ikati munzaliin.

125. Mula iya bener, manawa sira padha tabah-sabar, lan taqwa ing Allah, lan mungsuh bakal nempuh marang sira ing wektu iku uga, mangertia Allah Pangeranira bakal paring ing sira sarana wadiya-bala para Malaikat cacahe limang ewu kang mawa tetenger.

١٢٥ بَلَىٰ إِن تَصْبِرُوا وَتَتَّقُوا وَيَأْتُوكُم مِّن فَوْرِهِمْ هَٰذَا يُمْدِدْكُمْ رَبُّكُم بِخَمْسَةِ آلَافٍ مِّنَ الْمَلَائِكَةِ مُسَوِّمِينَ ۝

Balaa in tashbiruu wa tattaquu wa ya'tuukum min faurihim haadzaa yumdidkum rabbukum bikhamsati aalaafim minal malaa-ikati musawwimiin.

126. Lan Allah ora karsa andadekake sakabehing lelakon iku, kajaba mung minangka bebungah tumrap sira kabeh, lan supaya atinira padha tentrem. Lan ora ana pitulung kajaba mung saka ngarsaning Allah kang Maha Prakosa sarta Maha Wicaksana.

١٢٦ وَمَا جَعَلَهُ اللَّهُ إِلَّا بُشْرَىٰ لَكُمْ وَلِتَطْمَئِنَّ قُلُوبُكُم بِهِ ۚ وَمَا النَّصْرُ إِلَّا مِنْ عِندِ اللَّهِ الْعَزِيزِ الْحَكِيمِ ۝

Wamaa ja'alahullaahu illaa busyraa lakum wa litathma-inna quluubukum bih, waman nashru illaa min 'indillaahil 'aziizil hakiim.

127. Ing wusana Allah karsa angrusak saweneh wong kafir saka iring pinggire,[148] utawa melehake marang sawenehe, nuli padha bali nglenthung kalawan kapitunan.

١٢٧ لِيَقْطَعَ طَرَفًا مِّنَ الَّذِينَ كَفَرُوا أَوْ يَكْبِتَهُمْ فَيَنقَلِبُوا خَائِبِينَ ۝

Liyaqtha'a tharafam minal ladziina kafaruu au yakbituhum fa yanqalibuu khaaibiin.

128. Muhammad, sira ora kuwasa sithik-sithika tumrap perkarane wong kafir, samengko ana kalane Allah nampa tobate, utawa karsa anyiksa marang dheweke, sanyata dheweke iku padha anganiaya.[149]

١٢٨ لَيْسَ لَكَ مِنَ الْأَمْرِ شَيْءٌ أَوْ يَتُوبَ عَلَيْهِمْ أَوْ يُعَذِّبَهُمْ فَإِنَّهُمْ ظَالِمُونَ ۝

Laisa laka minal amri syai-un au yatuuba 'alaihim au yu'adzdzibahum fa innahum zhaalimuun.

129. Kagunganing Allah iku samubarang kang ana ing Langit, lan kang ana ing Bumi, Panjenengane paring pangapura marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan anyiksa ing wong kang dadi kaparenging karsaNe, Allah iku Maha Ngapura, sarta Maha Asih.

١٢٩ وَلِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۚ يَغْفِرُ لِمَن يَشَاءُ وَيُعَذِّبُ مَن يَشَاءُ ۗ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Wa lillaahi maa fis samaawaati wamaa fil ardh, yaghfiru limay yasyaa-u wa yu'adzdzibu may yasyaa', wallaahu ghafuurur rahiim.

148). Wadyabala kafir pejah pitungdasa tiyang, lan dipun tawan inggih pitung dasa tiyang.

149). Miturut riwayat Buhkori, bilih Nabi Muhammad s.a.w. nenuwun (do'a) supados boten sadaya pemimpin-pemimpin musyrikin dipun sirnakaken, ananging wontena sebageyan dipun wilujengaken!

Larangan nindakake riba.

130. He para wong Mu'min, sira aja padha mangan riba, kalawan tikel-matikel, lan sira padha wedia ing Allah, muga-muga sira padha nemoni kabegjan. 150)

١٣٠ـ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَاْكُلُوا الرِّبٰٓوا اَضْعَافًا مُّضٰعَفَةً وَّاتَّقُوا اللّٰهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa ta'kulur ribaa adh'aafam mudhaa'afataw wattaqullaaha la'allakum tuflihuun.

131. Lan sira padha wedia ing Naraka, kang dicawisake tumrap wong-wong kang padha kafir.

١٣١ـ وَاتَّقُوا النَّارَ الَّتِيْٓ اُعِدَّتْ لِلْكٰفِرِيْنَ ۝

Wattaqun naaral latii u'iddat lil kaafiriin.

Ndherek dhawuhing Allah lan Rasul

132. Lan sira padha angestokna dhawuhing Allah, lan Rasule, muga-muga sira kabeh padha diparingi kawelasan dening Allah.

١٣٢ـ وَاَطِيْعُوا اللّٰهَ وَالرَّسُوْلَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُوْنَ ۝

Wa athii'ullaaha war rasuula la'allakum turhamuun.

133. Lan sira padha enggal-enggal angupayaa pangapura saka Pangeran sesembahanira, lan ngupaya Suwarga kang jembare madhani jembaring Langit lan Bumi, kang dicawisake tumrap wong kang padha wedi ing Allah.

١٣٣ـ وَسَارِعُوْٓا اِلٰى مَغْفِرَةٍ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَجَنَّةٍ عَرْضُهَا السَّمٰوٰتُ وَالْاَرْضُ اُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِيْنَ ۝

Wa saari'uu ilaa maghfiratim mir rabbikum wa jannatin 'ardhuhas samaawaatu wal ardhu u'iddat lil muttaqiin.

134. Yaiku wong kang padha ananjakake (ndarmakake) barang darbeke ana ing nalik ne kacukupan lan ana ing nalikane nandhang karupekan, lan kang tahan ngampet napsune, lan kang ngapura marang kaluputaning liyan. Allah iku remen marang wong kang padha tumindak ing kabecikan.

١٣٤ـ الَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ فِى السَّرَّآءِ وَالضَّرَّآءِ وَالْكٰظِمِيْنَ الْغَيْظَ وَالْعَافِيْنَ عَنِ النَّاسِ ۗ وَاللّٰهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

Alladziina yunfiquuna fissarraa-i wadhdharraa-i wal kaazhimiinal ghaizha wal 'aafiina 'anin naas, wallaahu yuhibbul muhsiniin.

135. Lan wong kang manawa tumindak laku ala, utawa nganiaya marang awake banjur enggal padha eling marang Allah, tumuli padha nyuwun pangapura ing dosane, ora ana kang bisa ngapura kabeh dosane kajaba mung Panjenengane Allah piyambak. Lan ora padha nglestarekake olehe tumindak kaya kang wus dilakoni, ing mangka dheweke padha mangerti dosane.

١٣٥ـ وَالَّذِيْنَ اِذَا فَعَلُوْا فَاحِشَةً اَوْ ظَلَمُوْٓا اَنْفُسَهُمْ ذَكَرُوا اللّٰهَ فَاسْتَغْفَرُوْا لِذُنُوْبِهِمْ ۗ وَمَنْ يَّغْفِرُ الذُّنُوْبَ اِلَّا اللّٰهُ ۖ وَلَمْ يُصِرُّوْا عَلٰى مَا فَعَلُوْا وَهُمْ يَعْلَمُوْنَ ۝

Wal ladziina idzaa fa'aluu faahisyatan au zhalamuu anfusahum dzakarullaaha fastaghfaruu li dzunuubihim, wamay

150). Ingkang dipun haramaken, miturut sebageyan ageng Ulama, **riba-nasi'ah punika haram**, sanaosa boten riba tikel-matikel. Sampun kathah buku khusus ngrembak bab Bank Islam, kados dene karanganipun Ustadz Akhmad Hassan, utawi **Drs. Achmad Chatib.** Negari-Negari Islam ing nalika tanggal 23 April 1974 ngresmekaken adegipun **Bank Al Islamy Lil-Tanamiyah**, utawi Islamic Development Bank, utawi Bank Pembangunan Islam, wonten ing Jiddah, Saudi Arabia. Sawatawis kagiyatanipun: a. **Ordinary operations** (kagiyatan-kagiyatan biasa), b. **Special operations** (kagiyatan-kagiyatan khusus) kangge ambiyantu masyarakat Islam ing Negari-Negari sanes anggota, c. **Trust Fund operations**, upami dana waqaf. Modalipun nembe 760 Juta Islamic Dinar, utawi saben 25 Juta I.D. sami kaliyan 30 Juta Dollar Amerika. Presidenipun **Dr. Ahmed Mohammad Ali**, Wakil Menteri Pendidikan Saudi Arabia, Dewan Gubernur saking wakil-wakil Negari anggota, wekdaling jabatan 5 tahun, saking Indonesia **Dr. Ali Wardhana**, Menteri Keuangan, kaliyan **Dr. Rachmat Saleh**, Gubernur **Bank Sentral.**

yaghfirudz dzunuuba illallaah, walam yushirruu 'alaa maa fa'aluu wahum ya'lamuun.

136. Wong kang mangkono mau bakal diparingi ganjaran saka Allah Pangeran sesembahane. Yaiku pangapura lan Suwarga kang ing ngisore ana kaline mili, ana ing kono bakal padha langgeng, lan hiya iku sabecik-beciking piwales tumrap wongwong kang padha ngamal.

١٣٦- أُولَٰئِكَ جَزَآؤُهُم مَّغْفِرَةٌ مِّن رَّبِّهِمْ وَجَنَّاتٌ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا ۚ وَنِعْمَ أَجْرُ الْعَامِلِينَ ۝

Ulaa-ika jazaa-uhum maghfiratum mirrabbihim wa jannaatun tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa, wa ni'ma ajrul 'aamiliin.

137. Sanyata wus kelakon pirang-pirang lelakon Sunnah Sunnah Allah [151] wong kuna saka zaman sadurungira, mula sira padha lelanaa ana ing Bumi (study tour), nuli padha aningalana (patilasan-arkeologis), kapriye wekasane wong kang padha anggorohake (para Rasuling Allah.).

١٣٧- قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِكُمْ سُنَنٌ فَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُكَذِّبِينَ ۝

Qad khalat min qablikum sunanun fasiiruu fil ardhi fanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul mukadzdzibiin.

138. Iki Al Quraan dadi penerangan tumrap para manungsa kabeh, lan dadi pituduh sarta pitutur tumrap wong kang padha taqwa ing Allah.

١٣٨- هَٰذَا بَيَانٌ لِّلنَّاسِ وَهُدًى وَمَوْعِظَةٌ لِّلْمُتَّقِينَ ۝

Haadzaa bayaanul lin naasi wa hudaw wa mau'izhatul lil muttaqiin.

139. Sira aja padha ngrasa minder-apes, lan aja padha tansah susah, sira kabeh bakal luwih mulya, manawa sira padha Mu'min.

١٣٩- وَلَا تَهِنُوا وَلَا تَحْزَنُوا وَأَنتُمُ الْأَعْلَوْنَ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Walaa tahinuu walaa tahzanuu wa antumul a'launa in kuntum mu'miniin.

140. Manawa sira kabeh padha ketaton, ana ing perang Uhud, sanyata kaum kafir ana ing perang Badar, uga padha nandhang tatu. Dina kang mangkono mau, kalah utawa menang, Ingsun gilir-gumantekake ana ing antarane para manungsa, karsane Allah arsa Ngawuningani wong kang padha iman, lan sabagean sira dikarsake mati-syahid, dene Allah iku ora remen marang wong kang padha nganiaya. [152]

١٤٠- إِن يَمْسَسْكُمْ قَرْحٌ فَقَدْ مَسَّ الْقَوْمَ قَرْحٌ مِّثْلُهُ ۚ وَتِلْكَ الْأَيَّامُ نُدَاوِلُهَا بَيْنَ النَّاسِ ۚ وَلِيَعْلَمَ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا وَيَتَّخِذَ مِنكُمْ شُهَدَاءَ ۗ وَاللَّهُ لَا يُحِبُّ الظَّالِمِينَ ۝

Iy yamsaskum qarhun faqad massal qauma qarhum mitsluh, wa tilkal ayyaamu nudaawiluhaa bainan naasi wa liya'lamallaahul ladziina aamanuu wa yattakhidza minkum syuhadaa', wallaahu laa yuhibbuzh zhaalimiin.

141. Lan maneh karsaning Allah ngresikake dosane wong kang padha iman, lan anyirnakake wong kang padha kafir.

١٤١- وَلِيُمَحِّصَ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا وَيَمْحَقَ الْكَافِرِينَ ۝

Wa liyumahhishallaahul ladziina aamanuu wa yamhaqal kaafiriin.

151). Inggih punika pahukumaning Allah ingkang arupi musibah malapataka tumrap tiyang ingkang kufur kautusipun Nabi Muhammad s.a.w.

152). Pejah syahid punika tiyang Islam ingkang gugur ing palagan kangge adeging Agami Allah.

142. Apa sira padha duwe pangira manawa bakal padha mlebu ing Suwarga, kang mangka Allah durung Ngawuningani wong kang padha jihad saka sira, lan Panjenengane durung Ngawuningani wong kang sabar (tetep imane).[153]

١٤٢- اَمْ حَسِبْتُمْ اَنْ تَدْخُلُوا الْجَنَّةَ وَلَمَّا يَعْلَمِ اللّٰهُ الَّذِيْنَ جٰهَدُوْا مِنْكُمْ وَيَعْلَمَ الصّٰبِرِيْنَ ۝

Am hasibtum an tadkhulul jannata wa lammaa ya'lamillaahul ladziina jaahaduu minkum wa ya'lamash shaabiriin.

143. Sanyata sira wus padha ngarep-arep pati, saka sadurunge pati mau nempuh ing sira, lah saiki sira wus padha andeleng ing pati sebab peperangan, kang mangka sira padha mangerti kanthi nyata.[154]

١٤٣- وَلَقَدْ كُنْتُمْ تَمَنَّوْنَ الْمَوْتَ مِنْ قَبْلِ اَنْ تَلْقَوْهُ ۖ فَقَدْ رَاَيْتُمُوْهُ وَاَنْتُمْ تَنْظُرُوْنَ ۝

Wa laqad kuntum tamannaunal mauta min qabli an talqauhu fa qad ra-aitumuuhu wa antum tanzhuruun.

144. Muhammad iku ora ana liya, kajaba mung Rasul,[155] Utusaning Allah, sadurunge dheweke, uga wus ana pirang-pirang Utusan. Apa manawa Muhammad iku seda, utawa disedani, sira bakal padha murtad, ambalik marang tungkakira? Lan sapa ambalik marang tungkake, ora bakal ambebayani marang Allah sathithik-thithika, Allah arsa paring ganjaran wong kang padha syukur.

١٤٤- وَمَا مُحَمَّدٌ اِلَّا رَسُوْلٌ ۚ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهِ الرُّسُلُ ۚ اَفَاۡئِنْ مَّاتَ اَوْ قُتِلَ انْقَلَبْتُمْ عَلٰٓى اَعْقَابِكُمْ ۚ وَمَنْ يَّنْقَلِبْ عَلٰى عَقِبَيْهِ فَلَنْ يَّضُرَّ اللّٰهَ شَيْـًٔا ۚ وَسَيَجْزِى اللّٰهُ الشّٰكِرِيْنَ ۝

Wamaa muhammadun illaa rasuulun qad khalat min qablihir rusul, afa-im maata au qutilanqalabtum 'alaa a'qaabikum, wamay yanqalib 'alaa 'aqibaihi falay yadhurrallaaha syai-aa, wa sayajzillaahusy syaakiriin.

145. Lan ora mati sawijining badan, kajaba kalawan idzining Allah, miturut tulisan kang wus ditamtokake, lan sapa kang ngarepake ganjaran ana ing Donya, Ingsun bakal maringi, dene sapa kang ngarepake ganjaran

١٤٥- وَمَا كَانَ لِنَفْسٍ اَنْ تَمُوْتَ اِلَّا بِاِذْنِ اللّٰهِ كِتٰبًا مُّؤَجَّلًا ۗ وَمَنْ يُّرِدْ ثَوَابَ الدُّنْيَا نُؤْتِهٖ مِنْهَا ۚ وَمَنْ يُّرِدْ ثَوَابَ الْاٰخِرَةِ نُؤْتِهٖ مِنْهَا ۗ وَسَنَجْزِى الشّٰكِرِيْنَ ۝

153). Jihad inggih punika: 1. Perang kangge adeging Agami Allah, sarta ngayomi tiyang Islam, 2. Merangi hawa nafsu, 3. Andanakaken barang darbe kangge 'amal shaleh lan manfaat ing masyarakat Islam, 4. Ambrastha kabatilan sarta ambela adeging kaleresan.

154). Kadadosan punika makaten, saderengipun perang Uhud kathah para Sahabat, langkung-langkung ingkang boten ndherek perang Badar, atur pamrayogi supados Nabi Muhammad s.a.w. medal mapagaken mengsah ing sajawining kitha Madinah Al Munawaarah!

155). Maksudipun Nabi Muhammad s.a.w. punika satunggaling manungsa ingkang dipun angkat dados Rasul, kados para andika Rasul sanes-sanesipun, wonten ingkang seda dipun sedani; wonten ingkang seda ing palagan Sabilillah, ugi wonten ingkang seda biasa!

Miturut riwayat **Sahih Bukhory**, ing salebeting perang ruked ing palagan Uhud, Nabi Muhammad s.a.w. dipun kabaraken seda dening mengsah. Wadyabala Muslimin panik, ngantos meh kemawon badhe nyuwun pangayoman suaka dhumateng **Abu Sufyan**, pemimpin Quraisy. Katambahan tetiyang Munafik sami damel-damel informasi, manawi nyata Muhammad punika Utusaning Allah, boten saged seda dening mengsah! Pramila lajeng turumun Ayat punika supados stiuasi stabil. Wonten kadadosan sanes malih, ugi kapethik saking riwayat Sahih Bukhory, **Abu Bakar Ash Shiddiq** r.a. nenteramaken masyarakat ing nalika nembe kemawon sedanipun Kanjeng Nabi s.a.w. sarana maos wongsal-wangsul Ayat kasebat, langkung-langkung dipun tujokaken **'Umar Ibnul Khattab** r.a. ingkang wekdal samanten ugi panik, malah kepara duka-duka!

Akherat, Ingsun uga bakal maringi, lan Ingsun arsa paring ganjaran marang wong-wong kang padha syukur.

Wamaa kaana linafsin an tamuuta illaa bi-idznillaahi kitaabam mu-ajjalaa, wa may yurid tsawaabad dun-yaa nu'tihii minhaa wamay yurid tsawaabal aakhirati nu'tihii minhaa, wa sanajzisy syaakiriin.

146. Lan wus pira bahe para andika Nabi kalawan para pandhereke kang padha taqwa bebarengan nempuh perang, wong-wong mau ora padha kekes sebab dene tekaning bebaya sajeroning angrungkebi dedalane agamaning Allah, apa dene ora padha lembek sarta ora padha tumungkul, Allah iku remen marang wong kang ulet-sabar.

١٤٦ وَكَأَيِّن مِّن نَّبِيٍّ قَٰتَلَ مَعَهُۥ رِبِّيُّونَ كَثِيرٌ ۚ فَمَا وَهَنُوا۟ لِمَآ أَصَابَهُمْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ وَمَا ضَعُفُوا۟ وَمَا ٱسْتَكَانُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ يُحِبُّ ٱلصَّٰبِرِينَ ○

Wa ka-ayyim min nabiyyin qaatala ma'ahuu ribbiyyuuna katsiirun famaa wahanuu limaa ashaabahum fii sabiilillaahi wamaa dha'ufuu wa mastakaanuu, wallaahu yuhibbush shaabiriin.

147. Ora ana do'a pangucape wong-wong mau, kajaba mung munjuk atur: "Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring pangapunten dhumateng dosa-dosa kita, saha anggen kita sami kelangkungan angliwati wates wonten ing prakawis kita,[156] langkung-langkung mugi Paduka angekahaken delamakan kita, tuwin mugi Paduka paring pitulung sageda mimpang ingatasipun tiyang-tiyang kafir.

١٤٧ وَمَا كَانَ قَوْلَهُمْ إِلَّآ أَن قَالُوا۟ رَبَّنَا ٱغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَإِسْرَافَنَا فِىٓ أَمْرِنَا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَٱنصُرْنَا عَلَى ٱلْقَوْمِ ٱلْكَٰفِرِينَ ○

Wamaa kaana qaulahum illaa an qaaluu rabbanaghfir lanaa dzunuubanaa wa israafanaa fii amrinaa wa tsabbit aqdaamanaa wanshurnaa 'alal qaumil kaafiriin.

148. Saka iku Allah paring ganjaran marang wong-wong mau ing Donya,[157] sarta sa becik-beciking ganjaran ing Akherat. Allah iku remen marang wong kang padha tumindak becik.

١٤٨ فَـَٔاتَىٰهُمُ ٱللَّهُ ثَوَابَ ٱلدُّنْيَا وَحُسْنَ ثَوَابِ ٱلْـَٔاخِرَةِ ۗ وَٱللَّهُ يُحِبُّ ٱلْمُحْسِنِينَ ○

Fa ataahumullaahu tsawaabad dun-yaa wa husna tsawaabil aakhirah, wallaahu yuhibbul muhsiniin.

149. He para wong Mu'min, manawa sira padha manut marang wong-wong kafir, dheweke mesthi bakal padha ambalekake sira marang kekafiran, ing wusana sira padha bali sarana kapitunan.

١٤٩ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِن تُطِيعُوا۟ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ يَرُدُّوكُمْ عَلَىٰٓ أَعْقَٰبِكُمْ فَتَنقَلِبُوا۟ خَٰسِرِينَ ○

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu in tuthii-'ul ladziina kafaruu yarudduukum 'alaa a'qaabikum fatanqalibuu khaasiriin.

150. Nanging Allah iku dadi Pangayomanira kabeh, lan Panjenengane iku sabecik-beciking Dzat kang paring pitulung.

١٥٠ بَلِ ٱللَّهُ مَوْلَىٰكُمْ ۖ وَهُوَ خَيْرُ ٱلنَّٰصِرِينَ ○

Balillaahu maulaakum wa huwa khairun naashiriin.

151. Ingsun bakal namakake rasa wedi ing sajeroning atine wong-wong kafir, jalaran anggone padha musyrik nyakuthokake ing Allah kalayan barang kang Panjenengane ora

١٥١ سَنُلْقِى فِى قُلُوبِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ٱلرُّعْبَ بِمَآ أَشْرَكُوا۟ بِٱللَّهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهِۦ سُلْطَٰنًا ۖ وَمَأْوَىٰهُمُ ٱلنَّارُ

156). Inggih punika nerjang wakedaning hukum Agami.

157). Ganjaran ing Donya wau saged awujud unggul ing yuda, pikantuk gantos rampasan perang sarta tambahing kekiyataning wadyabala, ingkang murakabi stabilisasi Negari, langkung-langkung stabilisasi ekonomi.

nurunake dhawuh katerangan iku. Dene panggonane bali wong-wong mau ana ing Neraka, yaiku saala-alaning panggonane wong kang padha anganiaya.

وَبِئْسَ مَثْوَى الظّٰلِمِيْنَ ۝

Sanulqii fii quluubilladziina kafarur ru'-ba bimaa asyrakuu billaahi maa lam yunazzil bihii sulthaanaw wama'waahu-munnaar, wa bi'sa matswazh zhaalimiin.

Kekalahan strategis Ummat Islam ing palagan Uhud.

152. Lan sanyata Allah wus anetepi janjiNe marang sira, yaiku ing nalika sira padha ngalahake wong-wong kafir ana ing perang Uhud kalawan idzining Allah, nganti nalika sira padha apes, lan panik padha pasulayan ing dhawuhing Nabi,[158] lan sira padha ambangkang, sawuse sira padha diweruhake barang kang padha sira dhemeni (jarahane), sawenehira ana kang ngarepake milik-bandha donya, lan sawenehira ana kang ngarepake bandha Akherat, nuli Allah ngengokake ing sira kabeh saka wong-wong kafir, jalaran Panjenengane Allah karsa neter marang sira. Mangertia Allah wus paring pangapura marang sira, lan Allah iku kagungan Kanugerahan kaparingake marang para Mu'min.

١٥٢ وَلَقَدْ صَدَقَكُمُ اللّٰهُ وَعْدَهٗٓ اِذْ تَحُسُّوْنَهُمْ بِاِذْنِهٖ ۚ
حَتّٰٓى اِذَا فَشِلْتُمْ وَتَنَازَعْتُمْ فِى الْاَمْرِ وَعَصَيْتُمْ مِّنْ
بَعْدِ مَآ اَرٰىكُمْ مَّا تُحِبُّوْنَ ۗ مِنْكُمْ مَّنْ يُّرِيْدُ الدُّنْيَا
وَمِنْكُمْ مَّنْ يُّرِيْدُ الْاٰخِرَةَ ۚ ثُمَّ صَرَفَكُمْ عَنْهُمْ
لِيَبْتَلِيَكُمْ ۚ وَلَقَدْ عَفَا عَنْكُمْ ۗ وَاللّٰهُ ذُوْ فَضْلٍ
عَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Wa laqad shadaqakumullaahu wa'dahuu idz tahussuunahum bi idznihii hattaa idzaa fasyiltum wa tanaaza'tum fil amri wa 'ashaitum mim ba'di maa araakum maa tuhibbuun, minkum may yuriidud dun-yaa wa minkum may yuriidul aakhi-rata tsumma sharafakum 'anhum liyabta-liyakum wa laqad 'afaa 'ankum, wal-laahu dzuu fadhlin 'alal mu'miniin.

153. Lan elinga nalika sira padha lumayu tanpa tumulih ing sapa-sapa, kang nalika iku Rasulullah ngundang-undang ing saburinira kabeh, Allah banjur males ing sira kasusahan kang matikel-tikel, (olehira padha keplayu),[159] perlune supaya sira aja susah-gegetunen marang barang kang wus kapungkur lan bebaya kang ngenani ing sira, dene Allah iku Maha Waspada marang tindak-laku kang padha sira lakoni.

١٥٣ اِذْ تُصْعِدُوْنَ وَلَا تَلْوٗنَ عَلٰٓى اَحَدٍ وَّالرَّسُوْلُ
يَدْعُوْكُمْ فِىْٓ اُخْرٰىكُمْ فَاَثَابَكُمْ غَمًّا ۢ بِغَمٍّ لِّكَيْلَا
تَحْزَنُوْا عَلٰى مَا فَاتَكُمْ وَلَا مَآ اَصَابَكُمْ ۗ وَاللّٰهُ خَبِيْرٌ
بِمَا تَعْمَلُوْنَ ۝

Idz tush'iduuna walaa talwuuna 'alaa ahadiw war rasuulu yad'uukum fii ukh-raakum fa atsaabakum ghammam bi-ghammil likailaa tahzanuu 'alaa maa fataakum walaa maa ashaabakum, wal-laahu khabiirum bimaa ta'maluun.

154. Allah banjur nurunake marang sira ing katentreman sawuse kasusahan, yaiku marang sagolongan saka sira padha liyep-liyep ngantuk,[160] dene sagolongan liyane padha katungkul (mentingake) marang awake dhe-

١٥٤ ثُمَّ اَنْزَلَ عَلَيْكُمْ مِّنْ بَعْدِ الْغَمِّ اَمَنَةً نُّعَاسًا يَّغْشٰى
طَآئِفَةً مِّنْكُمْ ۙ وَطَآئِفَةٌ قَدْ اَهَمَّتْهُمْ اَنْفُسُهُمْ
يَظُنُّوْنَ بِاللّٰهِ غَيْرَ الْحَقِّ ظَنَّ الْجَاهِلِيَّةِ ۗ يَقُوْلُوْنَ

158). Inggih punika prakawis dhawuhing Nabi s.a.w. dhumateng bergada pemanah supados tetep nahan mengsah ing papan strategis ingkang sampun katemtokaken, sanaosa kawontenan gawat.

159). Sami kaplajeng saking sektor pertahanan bergada pemanah sabab boten disiplin manunggaling komando saking Nabi s.a.w.

160). Tiyang Muslimin ingkang teguh keyakinanipun.

we[161] lan padha anduweni panyana kang ora sabenere marang Allah kaya pangirane wong Jahiliyah.[162] Dheweke padha ngucap: "Tumrap kita ora diparingi wewenang nemtokake bab perkara iki (kalah menang ing paperangan)". Dhawuha sira Muhammad: "Kabeh perkara iku ana ing astane Allah". Dheweke padha nyidhem ana ing sajerone atine barang kang ora dilahirake marang sira. Dheweke padha celathu: "Saupama kita iku padha nduweni wewenang nemtokake bab perkara mau, mesthi kita ora bakal dipateni ana ing palagan kene iki. "Dhawuha sira Muhammad: "Senajan ta saupama kowe kabeh iku ana ing omahira dhewe, wong kang wus tinakdir mati saka antaranira, dheweke mesthi metu marani papan patine". Lan maneh Allah kersa neter barang kang ana ing sajeroning atinira (bab ikhlas lan orane) lan uga kersa mijekake barang kang ana ing atinira. Allah iku Ngawuningani apa bae kang ana ing sajeroning ati.

هَلْ لَّنَا مِنَ الْأَمْرِ مِنْ شَيْءٍ ۗ قُلْ إِنَّ الْأَمْرَ كُلَّهُ لِلَّهِ ۗ
يُخْفُونَ فِي أَنفُسِهِم مَّا لَا يُبْدُونَ لَكَ ۖ يَقُولُونَ لَوْ
كَانَ لَنَا مِنَ الْأَمْرِ شَيْءٌ مَّا قُتِلْنَا هَٰهُنَا ۗ قُل لَّوْ
كُنتُمْ فِي بُيُوتِكُمْ لَبَرَزَ الَّذِينَ كُتِبَ عَلَيْهِمُ الْقَتْلُ
إِلَىٰ مَضَاجِعِهِمْ ۖ وَلِيَبْتَلِيَ اللَّهُ مَا فِي صُدُورِكُمْ
وَلِيُمَحِّصَ مَا فِي قُلُوبِكُمْ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ
الصُّدُورِ ۝

Tsumma anzala 'alaikum mim ba'dil ghammi amanatan nu'aasay yaghsyaa thaa-ifatam minkum wa thaa-ifatun qad ahammat hum anfusuhum yazhunnuuna billaahi ghairal haqqi zhannal jaahiliyyah, yaquuluuna hal lanaa minal amri min syai-in qul innal amra kullahuu lillaah, yukhfuuna fii anfusihim maa laa yubduuna lak, yaquuluuna lau kaana lanaa minal amri syai-um maa qutilnaa haahunaa, qul lau kuntum fii buyuutikum labarazal ladziina kutiba 'alaihimul qatlu ilaa madhaaji'ihim wa liyabtaliyal laahu maa fii shuduurikum wa liyumahhisha maa fii quluubikum, wallaahu 'aliimum bidzaatish shuduur.

155. Ana dene wong kang padha mlayu saka sira ana ing nalika campuhing palagan antarane golongan loro iku,[163] sanyata dheweke iku padha diplesetake dening syetan kalawan sawenehing barang kang wus padha ditindakake. Allah wus paring pangapura wong-wong mau, sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Aris.

١٥٥ إِنَّ الَّذِينَ تَوَلَّوْا مِنكُمْ يَوْمَ الْتَقَى الْجَمْعَانِ ۙ إِنَّمَا
اسْتَزَلَّهُمُ الشَّيْطَانُ بِبَعْضِ مَا كَسَبُوا ۖ وَلَقَدْ عَفَا
ع ١٦ اللَّهُ عَنْهُمْ ۗ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ حَلِيمٌ ۝ ٤

Innal ladziina tawallau minkum yaumal taqal jam'aani innamas tazallahumusy-syaithaanu biba'dhi maa kasabuu, wa laqad 'afallaahu 'anhum, innallaaha ghafuurun haliim.

Mental lan disiplin berjoang.

156. He wong kang padha Mu'min, kahananira iku aja kaya dene wong kafir, lan padha ngucap marang kanca-kancane, nalika padha lelungan ana ing Bumi, utawa nalika padha perang: "Saupama wong-wong mau ana ing kene bahe, mesthi dheweke ora padha mati

١٥٦ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَكُونُوا كَالَّذِينَ كَفَرُوا وَقَالُوا
لِإِخْوَانِهِمْ إِذَا ضَرَبُوا فِي الْأَرْضِ أَوْ كَانُوا غُزًّى لَّوْ
كَانُوا عِندَنَا مَا مَاتُوا وَمَا قُتِلُوا ۖ لِيَجْعَلَ اللَّهُ ذَٰلِكَ

161). Tiyang Muslimin ingkang taksih mamang-sumelang.

162). Panyananipun tiyang Jahiliyah, Nabi s.a.w. punika manawi estu Utusan Allah, tamtu boten saged kawon wonten ing peperangan punapa kemawon.

163). Golongan kalih, punika divisi Muslimin lan divisi Musyrikin.

lan ora dipateni". Pangucap kang kaya mangkono iku Allah karsa andadekake kaduwung ana ing ati-atine wong-wong mau, dene Allah iku Dzat kang paring urip, sarta kang mateni. Allah iku Maha Pariksa ing samubarang kang padha sira tindakake.

حَسْرَةً فِي قُلُوبِهِمْ ۗ وَاللَّهُ يُحْيِي وَيُمِيتُ ۗ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa takuunuu kal ladziina kafaruu wa qaaluu li ikhwaanihim idzaa dharabuu fil ardhi au kaanuu ghuzzal lau kaanuu 'indanaa maa maatuu wamaa qutiluu liyaj'alallaahu dzaalika hasratan fii quluubihim, wallaahu yuhyii wa yumiit, wallaahu bimaa ta'maluuna bashiir.

157. Lan manawa sira padha dipateni ana ing (angrungkebi) dedalaning Allah, utawa sira padha mati,[164] sanyata pangapura sarta sih saka ngarsaning Allah iku luwih becik tinimbang barang-barang kang padha diklumpukake dening wong-wong mau.

١٥٧ وَلَئِن قُتِلْتُمْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ أَوْ مُتُّمْ لَمَغْفِرَةٌ مِّنَ اللَّهِ وَرَحْمَةٌ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ۝

Wa la-in qutiltum fii sabiilillaahi au muttum lamaghfiratum minallaahi wa rahmatun khairum mimmaa yajma'uun.

158. Manawa sira padha mati, utawa dipateni, sanyata sira kabeh bakal padha dikumpulake ngadhep ana ngarsaning Allah.

١٥٨ وَلَئِن مُّتُّمْ أَوْ قُتِلْتُمْ لَإِلَى اللَّهِ تُحْشَرُونَ ۝

Wa la-in muttum au qutiltum la-ilallaahi tuhsyaruun.

Budi pekerti Nabi Muhammad s.a.w.

159. Jalaran dening sih rahmat kang saka ngarsaning Allah, sira Muhammad banjur lembah manah marang kanca-kancanira, lan saupama sira iku atindak kasar lan ati wangkal, sanyata kanca-kancanira iku padha bubar saka sakiwa tengenira, mula saka iku sira padha ngapuraa pialaning wong-wong mau, lan padha suwunna pangapura tumrap dosane, lan sira padha musyawaraha kalawan wong-wong mau ana ing bab perkara apa bae. Mula manawa sira wus anduweni kekencengan/ niyat arep nindakake sawijining perkara, supaya sira tawakkal ing Allah, Allah iku remen marang wong kang padha tawakkal.

١٥٩ فَبِمَا رَحْمَةٍ مِّنَ اللَّهِ لِنتَ لَهُمْ ۖ وَلَوْ كُنتَ فَظًّا غَلِيظَ الْقَلْبِ لَانفَضُّوا مِنْ حَوْلِكَ ۖ فَاعْفُ عَنْهُمْ وَاسْتَغْفِرْ لَهُمْ وَشَاوِرْهُمْ فِي الْأَمْرِ ۖ فَإِذَا عَزَمْتَ فَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ ۚ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَوَكِّلِينَ ۝

Fa bimaa rahmatim minallaahi linta lahum wa lau kunta fazhzhan ghaliizhal qalbi lanfadhdhuu min haulik, fa'fu 'anhum wastaghfir lahum wa syaawirhum fil amri fa idzaa 'azamta fatawakkal 'alallaah, innallaaha yuhibbul mutawakkiliin.

160. Manawa Allah karsa paring pitulung ing sira, mesthi ora ana wong kang bisa ngalahake ing sira. Lan manawa Allah karsa nginakake ing sira, mangka sapa wong kang bisa nulung ing sira saliyaning Allah? Lan marang ngarsaning Allah wong-wong Mu'min supaya padha tawakkal.

١٦٠ إِن يَنصُرْكُمُ اللَّهُ فَلَا غَالِبَ لَكُمْ ۖ وَإِن يَخْذُلْكُمْ فَمَن ذَا الَّذِي يَنصُرُكُم مِّن بَعْدِهِ ۗ وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ ۝

Iy yanshur kumullaahu falaa ghaaliba lakum wa iy yakhdzulkum faman dzal ladzii yanshurukum mim ba'dih, wa 'alallaahi fal yatawakkalil mu'minuun.

164). Gugur ing margining Allah (Sabilillah, upami da'wah utawi regu kesehatan ing daerah pageblug sesakit ingkang wingit) ingkang boten sabab perang.

161. Ora ana Nabi iku gelem cidra ing bab jarahan, lan sapa kang cidra, dheweke ing besuk dina Qiyamat bakal teka kalawan nggawa barang kang dicidrakake mau, tumuli diwales saben-saben wong miturut apa amale kang wus ditindakake, lan dheweke ora padha dikaniaya.

١٦١- وَمَا كَانَ لِنَبِيٍّ أَنْ يَغُلَّ ۚ وَمَنْ يَغْلُلْ يَأْتِ بِمَا غَلَّ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۚ ثُمَّ تُوَفَّىٰ كُلُّ نَفْسٍ مَا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ۝

Wamaa kaana linabiyyin ay yaghulla wamay yaghlul ya'ti bimaa ghalla yaumal qiyaamati tsumma tuwaffaa kullu nafsim maa kasabat wahum laa yuzhlamuun.

162. Apa wong kang andherek kaparenging Allah iku padha karo wong kang bali kalawan bebendu saka ngarsaning Allah, lan panggonane wong mau ana ing Neraka Jahanam, yaiku ala-alaning panggonan bali.

١٦٢- أَفَمَنِ اتَّبَعَ رِضْوَانَ اللَّهِ كَمَنْ بَاءَ بِسَخَطٍ مِنَ اللَّهِ وَمَأْوَاهُ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ۝

Afamanit taba'a ridhwaanallaahi kamam baa-a bisakhatim minallaahi wa ma'waahu jahannam, wa bi'sal mashiir.

163. Pilungguhane wong-wong mau pirang-pirang prangkat ana ing ngarsaning Allah, Allah iku Maha Ngawuningani ing samubarang kang padha ditindakake.

١٦٣- هُمْ دَرَجَاتٌ عِنْدَ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ بَصِيرٌ بِمَا يَعْمَلُونَ ۝

Hum darajaatun 'indallaah, wallaahu bashiirum bimaa ya'maluun.

164. Sanyata Allah wus paring kani'matan marang wong Mu'min, jalaran Allah wus angutus sawijining Utusan marang wong-wong mau saka golongane, kang macakake ayat-ayating Allah marang dheweke, sarta anyucekake marang dheweke, apa dene mulang muruk marang wong-wong mau Al Kitab lan Kawicaksanan, temen sadurunge iku, wong-wong mau yekti padha kesasar kang cetha.

١٦٤- لَقَدْ مَنَّ اللَّهُ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ إِذْ بَعَثَ فِيهِمْ رَسُولًا مِنْ أَنْفُسِهِمْ يَتْلُوا عَلَيْهِمْ آيَاتِهِ وَيُزَكِّيهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ ۚ وَإِنْ كَانُوا مِنْ قَبْلُ لَفِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ۝

Laqad mannallaahu 'alal mu'miniina idz ba'atsa fiihim rasuulam min anfusihim yatluu 'alaihim aayaatihii wa yuzakkiihim wa yu'allimuhumul kitaaba wal hikmata wa in kaanuu min qablu lafii dhalaalim mubiin.

Sifat-sifate wong Munafik.

165. Apa sanalikane bebaya ngenani ing sira (ana palagan Uhud), kang mangka sira wus padha agawe bilahi marang wong-wong mau (ana palagan Badar) tikel loro, hiya gene teka sira angucap: "Kados pundi teka makaten punika, (kita sami kawon-kesengser?)". Dhawuha sira Muhammad: "Iku kabeh saka kasalahan awakira dhewe, (ora disiplin)". Sanyata Allah iku Maha Kuwasa ing atase samubarang perkara".

١٦٥- أَوَلَمَّا أَصَابَتْكُمْ مُصِيبَةٌ قَدْ أَصَبْتُمْ مِثْلَيْهَا قُلْتُمْ أَنَّىٰ هَٰذَا ۖ قُلْ هُوَ مِنْ عِنْدِ أَنْفُسِكُمْ ۗ إِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ۝

A walammaa ashaabatkum mushiibatun qad ashabtum mitslaihaa qultum annaa haadzaa, qul huwa min 'indi anfusikum, innallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

166. Lan kasangsaran kang ngenani ing sira kabeh ana ing palagan, nalika campuhing-yudha rong golongan mau, kabeh kalawan idzining Allah, mungguh karsane Allah, arsa ngawuningani teterane wong kang padha iman.

١٦٦- وَمَا أَصَابَكُمْ يَوْمَ الْتَقَى الْجَمْعَانِ فَبِإِذْنِ اللَّهِ وَلِيَعْلَمَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Wamaa ashaabakum yaumaltaqal jam-'aanii fa bi-idznillaahi wa liya'lamal mu'-miniin.

167. Lan Allah uga arsa ngawuningani wong kang padha munafik, manawa wong mau didhawuhi: "Ayo sira padha peranga labuh agamaning Allah, utawa padha nulaka!" Jawabe wong-wong mau: "Saupama kita wus mangerti perkara peperangan, mesthi gelem: kita padha melu perang karo kowe kabeh". 165) Ana ing dina iku dheweke luwih cedhak marang kafir, tinimbang karo iman. Dheweke padha angucap kalawan lesane, barang kang ora terus sajerone atine. Allah iku luwih ngudaneni barang kang padha diumpetake dening wong-wong mau.

١٦٧ وَلِيَعْلَمَ الَّذِيْنَ نَافَقُوْا ۚ وَقِيْلَ لَهُمْ تَعَالَوْا
قَاتِلُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ اَوِ ادْفَعُوْا ۗ قَالُوْا لَوْ نَعْلَمُ قِتَالًا
لَّا تَّبَعْنٰكُمْ ۗ هُمْ لِلْكُفْرِ يَوْمَئِذٍ اَقْرَبُ مِنْهُمْ لِلْاِيْمَانِ ۚ
يَقُوْلُوْنَ بِاَفْوَاهِهِمْ مَّا لَيْسَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ ۗ وَاللّٰهُ
اَعْلَمُ بِمَا يَكْتُمُوْنَ ۚ

Wa liya'lamal ladziina naafaquu wa qiila lahum ta'aalau qaatiluu fii sabiilillaahi awidfa'uu, qaaluu lau na'lamu qitaalal lattaba'naakum, hum lil kufri yaumaidzin aqrabu minhum lil iimaani yaquuluuna bi-afwaahihim maa laisa fii quluubihim, wallaahu a'lamu bimaa yaktumuun.

168. Dheweke iku wong kang mung padha omong-omong karo kanca-kancane, lan mung padha lelungguhan ora melu perang: "Saupama dheweke iku padha anggugu aku kabeh, mesthi dheweke ora padha dipateni". Dhawuha sira Muhammad!" Cobà sira padha nulaka pati saka awakira dhewe, yen nyata sira iku padha temen".

١٦٨ اَلَّذِيْنَ قَالُوْا لِاِخْوَانِهِمْ وَقَعَدُوْا لَوْ اَطَاعُوْنَا مَا
قُتِلُوْا ۗ قُلْ فَادْرَءُوْا عَنْ اَنْفُسِكُمُ الْمَوْتَ اِنْ كُنْتُمْ
صٰدِقِيْنَ ۚ

Alladziina qaaluu li-ikhwaanihim wa qa-'aduu lau athaa'uu naa maa qutiluu, qul fadra'uu 'an anfusikumul mauta inkuntum shaadiqiin.

Ganjaran tumrap pahlawan Syuhada' (mati syahid)

169. Lan sira aja padha angira manawa wong-wong kang padha dipateni ana ing perang-sabil iku mati, ananging mangertia dheweke iku urip; ana ing ngarsaning Allah Pangerane padha kaparingan rezeki. 166)

١٦٩ وَلَا تَحْسَبَنَّ الَّذِيْنَ قُتِلُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ اَمْوَاتًا ۗ بَلْ
اَحْيَآءٌ عِنْدَ رَبِّهِمْ يُرْزَقُوْنَ ۚ

Walaa tahsabannal ladziina qutiluu fii sabiilillaahi amwaataa, bal ahyaa-un 'inda rabbihim yurzaquun.

170. Wong-wong syuhada' mau padha gembira jalaran Allah wus paring kanugerahan marang dheweke, lan dheweke padha bungah dene wong kang isih padha kari, durung padha nyusul, 167) kareben dheweke iku ora padha susah:

١٧٠ فَرِحِيْنَ بِمَآ اٰتٰىهُمُ اللّٰهُ مِنْ فَضْلِهٖ ۙ وَيَسْتَبْشِرُوْنَ بِالَّذِيْنَ
لَمْ يَلْحَقُوْا بِهِمْ مِّنْ خَلْفِهِمْ ۙ اَلَّا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ
يَحْزَنُوْنَ ۚ

165). Pangucap nylekit saking tiyang-tiyang Munafik punika tumuju Nabi s.a.w, dipun anggep boten mangertos taktik sarta tehnis perang, pangintenipun namung saged mulang Agami utawi maos Quraan. Munafik ingkang remen nginakaken ngasanes punika, malah langkung pantes tiyang tiyang ingkang boten gadhah tuntunan (leadership) ulah kaprajan.

166). Pahlawan ingkang gugur syahid punika saestu gesang Ni'mat ing ngarsaning Allah, gesang ingkang tehnis lan situasinipun beda kaliyan gesang ing Ngalam Donya, pramila gesanging para Pahlawan kinasih wau namung Allah piyambak ingkang Ngawuningani.

167). Mitra-mitra ingkang tunggil perjoangan tetep berjoang ing Margining Allah.

Farihiina bimaa aataahumullaahu min fadhlih, wa yastabsyiruuna billadziina lam yalhaquu bihim min khalfihim allaa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

171. Dheweke padha suka pari suka diparingi kani'matan saka ngarsaning Allah, sarta kanugerahan. Sanyata Allah iku ora bakal ngilang-ngilangake ganjarane wong kang padha Mu'min.

١٧١. يَسْتَبْشِرُونَ بِنِعْمَةٍ مِّنَ اللَّهِ وَفَضْلٍ وَأَنَّ اللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Yastabsyiruuna bini'matim minallaahi wa fadhliw wa annallaaha laa yudhii'u ajral mu'miniin.

172. Yaiku wong kang tansah padha angestokake dhawuhing Allah lan Rasule, sawuse padha ketaton, ing palagan Uhud; kanggo wong kang padha tumindak becik, sarta taqwa ing Allah wong-wong mau bakal padha kaparingan nugraha kang agung.

١٧٢. الَّذِينَ اسْتَجَابُوا لِلَّهِ وَالرَّسُولِ مِن بَعْدِ مَا أَصَابَهُمُ الْقَرْحُ لِلَّذِينَ أَحْسَنُوا مِنْهُمْ وَاتَّقَوْا أَجْرٌ عَظِيمٌ ۝

Alladziinas tajaabuu lillaahi war rasuuli mim ba'di maa ashaaba humul qarh, lilladziina ahsanuu minhum wattaqau ajrun 'azhiim.

173. Dheweke iku kang padha dikabari dening para manungsa: "Sanyata wong-wong kafir wus padha kumpul siyaga-yudha arep numpes sira, mula sira padha wedia ing dheweke". Wusana pangucape wong kafir iku malah nambah kandel imane para wong Mu'min. Nuli dheweke padha ngucap: "Paring pitulunging Allah wus cukup mungguhing kita, lan Panjenengane iku becik-heciking Pangeran kang pinasrahan".

١٧٣. الَّذِينَ قَالَ لَهُمُ النَّاسُ إِنَّ النَّاسَ قَدْ جَمَعُوا لَكُمْ فَاخْشَوْهُمْ فَزَادَهُمْ إِيمَانًا وَقَالُوا حَسْبُنَا اللَّهُ وَنِعْمَ الْوَكِيلُ ۝

Alladziina qaala lahumun naasu innannaasa qad jama'uu lakum fakhsyauhum fa zaadahum iimaanaw wa qaaluu hasbunallaahu wa ni'mal wakiil.

174. Nalika dheweke padha bali kalawan entuk kani'matan lan kanugerahan saka ngarsaning Allah, dheweke ora padha nemu ing sambekala, ora ketaton lan ora mati, sarta tetep padha andherek ing karidhaning Allah, Allah iku Dzat kang kagungan kanugerahan agung.[168]

١٧٤. فَانقَلَبُوا بِنِعْمَةٍ مِّنَ اللَّهِ وَفَضْلٍ لَّمْ يَمْسَسْهُمْ سُوءٌ وَاتَّبَعُوا رِضْوَانَ اللَّهِ وَاللَّهُ ذُو فَضْلٍ عَظِيمٍ ۝

Fan qalabuu bini'matim minallaahi wa fadhlil lam yamsas hum suu-uw wattaba-'uu ridhwaanallaah, wallaahu dzuu fadhlin 'azhiim.

175. Sanyata kang angucap kaya mangkono iku ora liya kajaba syetan kang meden-medeni ing sira supaya wedi marang para panuntun-musyrik Qurays, mula sira aja wedi, ananging mung padha wedia ing Ingsun Allah, manawa nyata sira padha iman.

١٧٥. إِنَّمَا ذَٰلِكُمُ الشَّيْطَانُ يُخَوِّفُ أَوْلِيَاءَهُ فَلَا تَخَافُوهُمْ وَخَافُونِ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Innamaa dzaalikumusy syaithaanu yukhawwifu auliyaa-ahuu falaa takhaafuu-

168). Kawigatosanipun ayat 172, 173, lan 174 punika anelakaken kawontenan perang Badr Shughra (Badar alit) setahun bakda perang Uhud. Abu Sofyan, pemimpin Quraisy nantang Nabi lan Sahabat-sahabatipun, supados perang malih ing perang Badar setahun saking perang Uhud, makaten sumbaripun. Ananging tahun 4 Hijrah wau, tahun paceklik, Abu Sofyan piyambak rumaos ajrih, lajeng ngumpet, kaliyan ngutus Nu'aim Ibnu Mas'ud lan wadyabala terus dhateng Madinah, kaliyan damel-damel kabar gegorohan, kados kasebat ayat no. 173. Ananging Nabi s.a.w. lan Sahabat-sahabat tetep dhateng ing Badr malah mujur, kaleres ing Badr wonten pekenan ageng, tiyang Muslimin pinaringan bathi kauntungan ageng lajeng mantuk ing Madinah. kados kasebat ing ayat 174.

hum wa khaafuuni in kuntum mu'miniin.

Panggalihing Nabi s.a.w. ditentremake dening Ayat-Ayating Allah.

176. Aja nganti sira Muhammad digawe susah dening wong-wong kang gegancangan dadi kafir, sanyata wong mau ora bakal padha bisa ambebayani ing Allah sathithik-thithika, karsaning Allah ora bakal maringi ganjaran marang wong-wong mau ana Akherat, lan dheweke bakal kapatrapan siksa kang abot.

١٧٦. وَلَا يَحْزُنْكَ الَّذِيْنَ يُسَارِعُوْنَ فِى الْكُفْرِ ۚ اِنَّهُمْ لَنْ يَّضُرُّوا اللّٰهَ شَيْـًٔا ۗ يُرِيْدُ اللّٰهُ اَلَّا يَجْعَلَ لَهُمْ حَظًّا فِى الْاٰخِرَةِ ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ۝

Walaa yahzunkal ladziina yusaari'uuna fil kufri innahum lay yadhurrullaaha syai-aa, yuriidullaahu allaa yaj'ala lahum hazhzhan fil aakhirati wa lahum 'adzaabun 'azhiim.

177. Sanyata wong kang padha ngganti iman sarana kafir, dheweke ora babar pisan bisa gawe bebaya ing Allah sathithik-thithika, lan dheweke bakal kapatrapan siksa kang anglarani.

١٧٧. اِنَّ الَّذِيْنَ اشْتَرَوُا الْكُفْرَ بِالْاِيْمَانِ لَنْ يَّضُرُّوا اللّٰهَ شَيْـًٔا ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Innal ladziinasytarawul kufra bil iimaani lay yadhurrullaaha syai-aa, wa lahum 'adzaabun aliim.

178. Lan wong-wong kang padha kafir iku, aja duwe panyana, manawa: anggoningsun anyerantekake marang awake iku luwih becik tumrap dheweke,[169] mesthine Ingsun anyarantekake wong-wong mau, supaya padha tambah dosane, lan dheweke bakal kapatrapan siksa kang ina.

١٧٨. وَلَا يَحْسَبَنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اَنَّمَا نُمْلِىْ لَهُمْ خَيْرٌ لِّاَنْفُسِهِمْ ۚ اِنَّمَا نُمْلِىْ لَهُمْ لِيَزْدَادُوْٓا اِثْمًا ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ۝

Walaa yahsabannal ladziina kafaruu annamaa numlii lahum khairul li-anfusihim, innamaa numlii lahum liyazdaaduu its-maw wa lahum 'adzaabum muhiin.

179. Allah ora arsa angendelake wong-wong kang padha iman ana ing kondisi kang ana saiki, nganti Panjenengane milah-milah kang ala (munafik) saka kang becik (mu'min). Lan Allah ora arsa ameruhake ing sira marang kahanan ghaib, ananging Panjenengane Allah ngersakake milih saka UtusanNe[170] kang dadi kaparenging karsaNe, mangka sira padha iman lan taqwa marang Allah, sira bakal padha kaparingan ganjaran kang agung.

١٧٩. مَا كَانَ اللّٰهُ لِيَذَرَ الْمُؤْمِنِيْنَ عَلٰى مَآ اَنْتُمْ عَلَيْهِ حَتّٰى يَمِيْزَ الْخَبِيْثَ مِنَ الطَّيِّبِ ۗ وَمَا كَانَ اللّٰهُ لِيُطْلِعَكُمْ عَلَى الْغَيْبِ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ يَجْتَبِىْ مِنْ رُّسُلِهٖ مَنْ يَّشَآءُ ۖ فَاٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرُسُلِهٖ ۚ وَاِنْ تُؤْمِنُوْا وَتَتَّقُوْا فَلَكُمْ اَجْرٌ عَظِيْمٌ ۝

Maa kaanallaahu liyadzaral mu'miniina 'alaa maa antum 'alaihi hattaa yamiizal khabiitsa minaththayyib, wamaa kaanallaahu liyuthli'akum 'alal ghaibi walaakinnallaaha yajtabii mir rusulihii may

169). Dipun paringi umur panjang, artosipun dipun lulu nindakaken lampah dosa sakajengipun.

170). Gusti Allah milih Nabi Muhammad s.a.w. ingkang tuntunanipun saged tanggap sasmita dhateng mawarni-warni manungsa, mangertos manahing tiyang, pundi ingkang munafik, lan kados punapa ingkang iman.

yasyaa-u fa-aaminuu billaahi warusulih, wa-in tu'minuu wa tattaquu falakum ajrun 'azhiim.

180. Lan wong-wong kang padha kumet marang bandha kang diparingake Allah marang dheweke, saka kanugerahanNe, iku aja padha duwe panyana manawa iku becik tumrap dheweke, ananging kang mangkono iku malah ala tumrap dheweke. Ing gulune bakal padha dikalungi barang kang dikumeti mau, ana ing dina Qiyamat. Lan mung kagunganing Allah warisane Langit lan Bumi, dene Allah iku Maha Waspada marang samubarang kang sira tindakake.

١٨٠ وَلَا يَحْسَبَنَّ الَّذِينَ يَبْخَلُونَ بِمَا آتَاهُمُ اللَّهُ مِن فَضْلِهِ هُوَ خَيْرًا لَّهُم ۖ بَلْ هُوَ شَرٌّ لَّهُمْ ۖ سَيُطَوَّقُونَ مَا بَخِلُوا بِهِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۗ وَلِلَّهِ مِيرَاثُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۗ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ۝

Walaa yahsabannal ladziina yabkhaluuna bimaa aataahumullaahu min fadhlihii huwa khairallahum, bal huwa syarrul lahum, sayuthawwaquuna maa bakhiluu bihii yaumal qiyaamah, wa lillaahi miiraatsus samaawaati wal ardh, wallaahu bimaa ta'maluuna khabiir.

181. Sanyata Allah wus midhanget ucapane wong kang padha angucap: "Satemene Allah iku melarat, lan kita iku sugih". Ingsun karsa anyathet apa kang diucapake dening wong-wong mau, lan anggone padha nyedani para Nabi kalawan ora bener. Dhawuhingsun: "Mara sira padha ngrasakna siksaning Naraka kang ngobong saengga gosong".

١٨١ لَقَدْ سَمِعَ اللَّهُ قَوْلَ الَّذِينَ قَالُوا إِنَّ اللَّهَ فَقِيرٌ وَنَحْنُ أَغْنِيَاءُ ۘ سَنَكْتُبُ مَا قَالُوا وَقَتْلَهُمُ الْأَنبِيَاءَ بِغَيْرِ حَقٍّ وَنَقُولُ ذُوقُوا عَذَابَ الْحَرِيقِ ۝

Laqad sami'allaahu qaulal ladziina qaaluu innallaaha faqiiruw wa nahnu aghniyaa', sanaktubu maa qaaluu wa qatlahumul ambiyaa-a bighairi haqqiw wa naquulu dzuuquu 'adzaabal hariiq.

182. Kang mangkono iku kagawa saka barang kang wus ditindakake dening tangan-tanganira, sanyata Allah iku ora karsa nganiaya marang para kawula.

١٨٢ ذَٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيكُمْ وَأَنَّ اللَّهَ لَيْسَ بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيدِ ۝

Dzaalika bimaa qaddamat aidiikum wa annallaaha laisa bizhallaamil lil 'abiid.

183. Dheweke iku kang padha ngucap: "Sanyata Allah wus paring janji marang kita, supaya kita ora iman ing Rasul, nganti panjenengane nekakake marang kita kalawan kurban kang dimangsa dening geni. Dhawuha sira Muhammad: "Temen wus rawuh ing sira kabeh, sawijining Rasul ing sadurungku angampil pirang-pirang tandha yekti kang terang, lan apa kang wus padha sira ucapake iku. Banjur yagene teka sira nyedani para Rasul mau, manawa sira iku padha temen?"

١٨٣ الَّذِينَ قَالُوا إِنَّ اللَّهَ عَهِدَ إِلَيْنَا أَلَّا نُؤْمِنَ لِرَسُولٍ حَتَّىٰ يَأْتِيَنَا بِقُرْبَانٍ تَأْكُلُهُ النَّارُ ۗ قُلْ قَدْ جَاءَكُمْ رُسُلٌ مِّن قَبْلِي بِالْبَيِّنَاتِ وَبِالَّذِي قُلْتُمْ فَلِمَ قَتَلْتُمُوهُمْ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ۝

Alladziina qaaluu innallaaha 'ahida ilainaa allaa nu'mina lirasuulin hattaa ya'tiyanaa biqurbaanin ta'kuluhunnaar, qul qad jaa-akum rusulum min qablii bil bayyinaati wa billadzii qultum falima qataltumuu hum in kuntum shaadiqiin.

184. Ing mangka manawa dheweke iku padha anggorohake ing sira Muhammad, temen wus digorohake para Rasul kang sadurungira,

١٨٤ فَإِن كَذَّبُوكَ فَقَدْ كُذِّبَ رُسُلٌ مِّن قَبْلِكَ جَاءُو

kang rawuhe angampil pirang-pirang tandha yekti kang terang, lan pirang-pirang Kitab,[171] apa dene Kitab kang bisa madhangake ati.

بِالْبَيِّنٰتِ وَالزُّبُرِ وَالْكِتٰبِ الْمُنِيْرِ ۝

Fa-in kadzdzabuuka faqad kudzdziba rusulum min qablika jaa-uu bil bayyinaati waz zuburi wal kitaabil muniir.

185. Kabeh badan iku mesthi bakal nemahi pati, lan sanyata sira bakal padha dituhoni ganjaranira besuk ana ing dina Qiyamat. Ana dene wong kang diedohake saka Naraka, lan dilebokake ing Suwarga, mangka temen dheweke iku begja, lan ora ana liya penguripan Donya iku kajaba mung kasenengan kang anglalekake.

١٨٥ كُلُّ نَفْسٍ ذَآئِقَةُ الْمَوْتِ ۗ وَاِنَّمَا تُوَفَّوْنَ اُجُوْرَكُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۭ فَمَنْ زُحْزِحَ عَنِ النَّارِ وَاُدْخِلَ الْجَنَّةَ فَقَدْ فَازَ ۭ وَمَا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَآ اِلَّا مَتَاعُ الْغُرُوْرِ ۝

Kullu nafsin dzaa-iqatul mauut, wa innamaa tuwaffauna ujuurakum yaumal qiyaamah, faman zuhziha 'anin naari wa udkhilal jannata faqad faaz, wamal hayaatud dun-yaa illaa mataa'ul ghuruur.

186. Satemene sira bakal dicoba ana ing bandha lan badanira, lan sira bakal padha krungu pangucap kang anglarakake ati, saka wong-wong kang wus padha diparingi Kitab sadurungira, lan uga saka wong-wong kang padha musyrik. Dene manawa sira padha sabar lan taqwa ing Allah, sanyata kang mangkono mau kalebu sawenehing perkara kang patut diutamakake.

١٨٦ لَتُبْلَوُنَّ فِيْٓ اَمْوَالِكُمْ وَاَنْفُسِكُمْ ۡ وَلَتَسْمَعُنَّ مِنَ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِكُمْ وَمِنَ الَّذِيْنَ اَشْرَكُوْٓا اَذًى كَثِيْرًا ۭ وَاِنْ تَصْبِرُوْا وَتَتَّقُوْا فَاِنَّ ذٰلِكَ مِنْ عَزْمِ الْاُمُوْرِ ۝

Latublawunna fii amwaalikum wa anfusikum, wa latasma'unna minal ladziina uutul kitaaba min qablikum wa minal ladziina asyrakuu adzan katsiiraa, wa in tashbiruu wa tattaquu fa inna dzaalika min 'azmil umuur.

187. Lan ing nalika Allah ngarsakake mundhut perjanjian marang wong-wong kang padha diparingi Al Kitab: "Supaya sira padha anerang-nerangna isining Al Kitab iku marang para manungsa, lan aja padha ngumpetake". Tumuli wong-wong mau padha ambuang perjanjian iku[172] ana ing samburining gegere, lan dheweke padha ngedol perjanjian iku kalawan reregan kang murah, lan yaiku saala-alaning barang kang padha dikulakake.

١٨٧ وَاِذْ اَخَذَ اللّٰهُ مِيْثَاقَ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ لَتُبَيِّنُنَّهٗ لِلنَّاسِ وَلَا تَكْتُمُوْنَهٗ فَنَبَذُوْهُ وَرَاۗءَ ظُهُوْرِهِمْ وَاشْتَرَوْا بِهٖ ثَمَنًا قَلِيْلًا ۭ فَبِئْسَ مَا يَشْتَرُوْنَ ۝

Wa idz akhadzallaahu miitsaaqal ladziina uutul kitaaba latubayyinun nahuu linnaasi walaa taktumuunahuu fa nabadzuuhu waraa-a zhuhuurihim wasytarau bihii tsamanan qaliilaa, fabi'sa maa yasytaruun.

188. Lan sira aja pisan-pisan duwe pangira manawa wong kang padha bungah marga katekan apa kang diupaya, lan padha seneng manawa dialem kalawan barang kang ora ditindakake, mangka sira aja pisan-pisan duwe pangira: manawa dheweke iku bisa sumingkir saka siksa, ananging dheweke jebul malah kapatrapan siksa kang anglarani.

١٨٨ لَا تَحْسَبَنَّ الَّذِيْنَ يَفْرَحُوْنَ بِمَآ اَتَوْا وَّيُحِبُّوْنَ اَنْ يُّحْمَدُوْا بِمَا لَمْ يَفْعَلُوْا فَلَا تَحْسَبَنَّهُمْ بِمَفَازَةٍ مِّنَ الْعَذَابِ ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Laa tahsabannal ladziina yafrahuuna bimaa ataw wa yuhibbuuna ay yuhmaduu

171). Kitab-kitab **Zabur, Taurat, lan Injil** ingkang ngamot piwulang hikmah, tauhid, syari'at lan do'a.

172). Saweneh janji ingkang dipun umpetaken, inggih punika katerangan badhe rawuhipun andika Nabi Muhammad s.a.w.

bimaa lam yaf'aluu falaa tahsabannahum bimafaazatim minal 'adzaabi wa lahum 'adzaabun aliim.

189. Lan kagungane Allah piyambak Karatoning Langit kalayan Bumi, Allah iku Maha Kuwasa ing ngatase samubarang.

١٨٩ وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝ ١٩ ع ١٠

Wa lillaahi mulkus samaawaati wal ardh, wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

Paedahe tansah eling titahing Allah.

190. Sanyata ana ing tumitahing Langit lan Bumi, lan beda-bedaning rina kalayan wengi, iku dadi tandha yekti tumrap wong kang padha duwe akal.

١٩٠ اِنَّ فِيْ خَلْقِ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَاخْتِلَافِ الَّيْلِ وَالنَّهَارِ لَاٰيٰتٍ لِّاُولِي الْاَلْبَابِ ۚ

Inna fii khalqis samaawaati wal ardhi wakhtilaafil laili wan nahaari la-aayaatil li-ulil albaab.

191. Yaiku wong-wong kang padha tansah eling marang Allah, ing nalika ngadeg, lunguh, lan turon, lan dheweke padha mikir marang tumitahe Langit lan Bumi. Ature: "Dhuh Pangeran kita, Paduka karsa anitahaken ing sadaya punika boten sarana bebatalan/tanpa guna, Maha Suci Paduka, mugi Paduka karsaa ngreksa ing kita saking siksaning Naraka".

١٩١ الَّذِيْنَ يَذْكُرُوْنَ اللّٰهَ قِيٰمًا وَّقُعُوْدًا وَّعَلٰى جُنُوْبِهِمْ وَيَتَفَكَّرُوْنَ فِيْ خَلْقِ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ رَبَّنَا مَا خَلَقْتَ هٰذَا بَاطِلًا ۚ سُبْحٰنَكَ فَقِنَا عَذَابَ النَّارِ ۝

Alladziina yadzkuruunallaaha qiyaamaw wa qu'uudaw wa 'alaa junuubihim wa yatafakkaruuna fii khalqis samaawaati wal ardhi rabbanaa maa khalaqta haadzaa baathilaa, subhaanaka faqinaa 'adzaaban naar.

192. Dhuh Pangeran kita, saestu sintena ingkang Paduka karsakaken kacemplungaken ing Naraka, yektos ateges sampun Paduka asoraken. Dene tiyang ingkang anganiaya punika boten wonten satunggala kemawon ingkang saged suka pitulung.

١٩٢ رَبَّنَآ اِنَّكَ مَنْ تُدْخِلِ النَّارَ فَقَدْ اَخْزَيْتَهٗ ۭ وَمَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ اَنْصَارٍ ۝

Rabbanaa innaka man tudkhilin naara faqad akhzaitah, wamaa lizh zhaalimiina min anshaar.

193. Dhuh Pangeran kita, sayektos kita sampun mireng tiyang ingkang da'wah dhumateng iman, pangajakipun: "Sira padha imana marang Pangeranira", mangka kita lajeng sami iman. Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring pangapunten dhumateng sadaya dosa kita, saha mugi Paduka anutupana dhumateng sadaya kalepatan kita, punapa dene mugi Paduka mejahi ing kita kakempalaken kalayan golonganipun tetiyang ingkang sahe.

١٩٣ رَبَّنَآ اِنَّنَا سَمِعْنَا مُنَادِيًا يُّنَادِيْ لِلْاِيْمَانِ اَنْ اٰمِنُوْا بِرَبِّكُمْ فَاٰمَنَّا ۚ رَبَّنَا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوْبَنَا وَكَفِّرْ عَنَّا سَيِّاٰتِنَا وَتَوَفَّنَا مَعَ الْاَبْرَارِ ۚ

Rabbanaa innanaa sami'naa munaadiyay yunaadii lil iimaani an aaminuu birabbikum fa aamannaa, rabbanaa faghfir lanaa dzunuubanaa wa kaffir 'annaa sayyi-aatinaa wa tawaffanaa ma'al abraar.

194. Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring dhumateng kita barang ingkang Paduka janjekaken lumantar para Rasul Paduka, mugi

١٩٤ رَبَّنَا وَاٰتِنَا مَا وَعَدْتَّنَا عَلٰى رُسُلِكَ وَلَا تُخْزِنَا يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۭ اِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيْعَادَ ۝

sampun ngesoraken ing kita benjing ing dinten Qiyamat, saestu Paduka punika boten badhe cidra ing ubaya".

Rabbanaa wa aatinaa maa wa'ad tanaa 'alaa rusulika walaa tukhzinaa yaumal qiyaamah, innaka laa tuhliful mii'aad.

195. Tumuli Pangerane wong-wong mau ngijabahi apa kang dadi panyuwune, dhawuhe: "Ingsun ora bakal ngilang-ilangake ganjaran 'amale wong kang padha tumindak, pria utawa wanita, sawenehira saka sawenehe.[173] Ana dene wong-wong kang padha Hijrah, lan kang padha ditundhung saka omah-omahe, sarta kang padha dipilara dikuya-kuya jalaran angrungkebi agamaNingsun, lan dheweke iku padha perang, lan padha dipateni, sanyata Ingsun bakal anutupi ing kesalahane wong-wong mau, lan satemene Ingsun karsa anglebokake wong-wong mau ana ing Suwarga kang sangisore ana kaline kang padha mili, yaiku saka ngarsaning Allah, ana dene Allah iku kagungan nugraha kang luwih becik.

١٩٥- فَاسْتَجَابَ لَهُمْ رَبُّهُمْ أَنِّي لَا أُضِيعُ عَمَلَ عَامِلٍ
مِّنكُم مِّن ذَكَرٍ أَوْ أُنثَىٰ ۖ بَعْضُكُم مِّن بَعْضٍ ۖ فَالَّذِينَ
هَاجَرُوا وَأُخْرِجُوا مِن دِيَارِهِمْ وَأُوذُوا فِي سَبِيلِي
وَقَاتَلُوا وَقُتِلُوا لَأُكَفِّرَنَّ عَنْهُمْ سَيِّئَاتِهِمْ وَلَأُدْخِلَنَّهُمْ
جَنَّاتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ثَوَابًا مِّنْ عِندِ
اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ عِندَهُ حُسْنُ الثَّوَابِ ۝

Fastajaaba lahum rabbuhum annii laa udhii'u 'amala 'aamilim minkum min dzakarin wa untsaa ba'dhukum mim ba'dhin falladziina haajaruu wa ukhrijuu min diyaarihim wa uudzuu fii sabiilii wa qaataluu wa qutiluu la-ukaffiranna 'anhum sayyi-aatihim wa la-udkhilannahum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru tsawaabam min 'indillaah, wallaahu 'indahuu husnuts tsawaab.

Andrawina sawatara tumrap wong kafir, lan kabegjan kang langgeng tumrap wong Mu'min.

196. Sira kabeh aja pisan-pisan kapilut dening pratingkahing wong-wong kafir kang ujan-ujan ing Negarane.[174]

١٩٦- لَا يَغُرَّنَّكَ تَقَلُّبُ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي الْبِلَادِ ۝

Laa yaghurronnaka taqallubul ladziina kafaruu fil bilaad.

197. Kabeh mau mung kasenengan sathithik, nemahi panggonane wong-wong mau ana ing Naraka Jahanam, yaiku ala-alaning lemek panggonan.

١٩٧- مَتَاعٌ قَلِيلٌ ثُمَّ مَأْوَاهُمْ جَهَنَّمُ ۚ وَبِئْسَ الْمِهَادُ ۝

Mataa'un qaliil, tsumma ma'waahum jahannam, wa bi'sal mihaad.

198. Ananging wong-wong kang padha taqwa ing Pangerane, dheweke bakal padha diparingi Suwarga kang ngisore ana kali-kaline mili, dheweke ana ing kono padha langgeng, iku mau minangka dadi pasugatan saka ngarsaning Allah, lan barang kang ana ing ngarsaning Allah iku luwih becik tumrap wong kang padha laku utama.[175]

١٩٨- لَٰكِنِ الَّذِينَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ لَهُمْ جَنَّاتٌ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا
الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا نُزُلًا مِّنْ عِندِ اللَّهِ ۗ وَمَا عِندَ
اللَّهِ خَيْرٌ لِّلْأَبْرَارِ ۝

Laakinil ladziinat taqau rabbahum lahum jannaatun tajrii min tahtihal an-

173). Pria punika putranipun pria tuwin wanita, makaten ugi wanita inggih putranipun pria lan wanita, sedaya sami, ing bab iman sarta amalipun punika dipun aosi sami!

174). Maksudipun tiyang kafir ingkang nindakaken liberalisasi ekonomi lan tehnologinipun, sarta industri lan perusahaanipun majeng, ananging dados imperialis-kapitalis utawi dados atheis-komunis!.

175). Inggih punika kanugerahaning Allah ingkang awujud panggenan endah, ni'mat, sarta pirantos modeling abrak sarwa gandhokan, tur langgeng, punika langkung hedab tinimbang anggenipun andrawina tiyang kafir. Sebab sadaya usahanipun tiyang Mu'min punika sarwa resik, sujur, lan hasilipun ekonomi lan tehnik, tansah adhedhasar sosial-religius!

haaru khaalidiina fiihaa nuzulam min 'indillaah, wamaa 'indallaahi khairul lil abraar.

199. Sanyata saka sawenehe wong ahli Kitab ana kang iman marang Allah, lan percaya marang Kitab kang diturunake marang sira, lan percaya marang Kitab kang diturunake marang dheweke, sarta padha khusyu'-ibadahe ing Allah, lan ora padha ngedol ayat-ayating Allah kalawan rega kang murah. Wong kang mangkono mau bakal nampa ganjarane ana ing ngarsaning Allah Pangeran sesembahane, sanyata Allah iku rikat banget pangitunge.

١٩٩- وَإِنَّ مِنْ أَهْلِ الْكِتٰبِ لَمَنْ يُؤْمِنُ بِاللّٰهِ وَمَآ أُنْزِلَ إِلَيْكُمْ وَمَآ أُنْزِلَ إِلَيْهِمْ خٰشِعِيْنَ لِلّٰهِ لَا يَشْتَرُوْنَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ ثَمَنًا قَلِيْلًا أُولٰٓئِكَ لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ إِنَّ اللّٰهَ سَرِيْعُ الْحِسَابِ ○

Wa inna min ahlil kitaabi lamay yu'minu billaahi wamaa unzila ilaikum wamaa unzila ilaihim khaasyi'iina lillaahi laa yasytaruuna bi aayaatillaahi tsamanan qaliilaa, ulaa-ika lahum ajruhum 'inda rabbihim, innallaaha sarii'ul hisaab.

200. He wong kang padha Mu'min, sira padha densabar, lan santosakna sabarira iku lan padha dentetep atinira, lan padha dentaqwa ing Allah, muga-muga sira padha begja kemayangan.

***)

٢٠٠- يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اصْبِرُوْا وَصَابِرُوْا وَرَابِطُوْا وَاتَّقُوا اللّٰهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ○ ع ٢٠

Yaa ayyuhal ladziina aamanushbiruu wa shaabiruu wa raabithuu, wattaqullaaha la'allakum tuflihuun.

***). Antawisipun surat Ali 'Imran lan surat An Nisaa' manawi kita bandhing hikmahipun pangertosan maham isi lebetanipun, utawi Comperative study of Quran, kados kasebat ing ngandhap punika:

1. Surat An Nisaa' sering sanget isinipun anerangaken bab-bab ingkang sambetan wanita, dene manawi surat Thalaq khusus rembag thalaq (pepisahan), pramila kasebat ugi Surat An Nisaa' Ash Shughra (surat An Nisaa' ingkang Alit). Dene surat An Nisaa' (176 ayat) kasebat ugi surat An Nisaa' Al Kubraa (surat An Nisaa' ingkang Ageng).

2. Surat Ali 'Imran panutupipun sarana dhawuh taqwa ing Allah, punika sajajar kalayan dhawuh taqwa ing purwakanipun surat An Nisaa'.

3. Kasebat ing surat Ali 'Imran wontenipun kaum Muslimin ingkang gugur ing palagan Badar lan Uhud, sawatawis kathah, punika ateges nilar lare-lare yatim sarta randhanipun ing Masyarakat, pramila wonten ing awal surat An Nisaa' dipun dhawuhaken cara ngawekani bab wau, inggih punika wontenipun dana sosial, pambageanipun waris, sarta pangupakaranipun lare-lare yatim.

AN NISAA' (WANITA)

Surat kaping 4 : 176 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, tumurun sawuse Surat Mumtahanah.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir-rahmaanir-rahiim.

1. He para manungsa, sira padha wedia ing Allah Pangeran sesembahanira kang anitahake sira kabeh saka awak siji, lan kang uga wus anitahake saka iku awak bojone,[176] sarta kang anyebar saka sakarone iku pria lan wanita kang akeh cacahe. Lan sira padha wedia marang Allah kang padha sira anggo gegaraning panuwun,[177] lan sira aja padha amedhot sih, sanyata Allah iku tansah Niti pariksa ing sira kabeh.

١ - يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوْا رَبَّكُمُ الَّذِىْ خَلَقَكُمْ مِّنْ نَّفْسٍ وَّاحِدَةٍ وَّخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيْرًا وَّنِسَآءً ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ الَّذِىْ تَسَآءَلُوْنَ بِهٖ وَالْاَرْحَامَ ۭ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيْبًا ○

Yaa ayyuhan naasuttaquu rabbakumul ladzii khalaqakum min nafsiw waahidatiw wa khalaqa minhaa zaujahaa wa batstsa minhumaa rijaalan katsiiraw wa nisaa-aw wattaqullaahal ladzii tasaa-aluuna bihii wal arhaam, innallaaha kaana 'alaikum raqiibaa.

2. Lan sira padha menehna bandha darbeking bocah yatim, lan sira aja padha nglironi bandhane kang becik, sira lironi kang ala. Lan sira aja padha mangan bandha darbeking bocah yatim, sira ewor kalawan bandhanira, sanyata kang mangkono iku dosa gedhe.

٢ - وَاٰتُوا الْيَتٰمٰٓى اَمْوَالَهُمْ وَلَا تَتَبَدَّلُوا الْخَبِيْثَ بِالطَّيِّبِ ۠ وَلَا تَاْكُلُوْٓا اَمْوَالَهُمْ اِلٰٓى اَمْوَالِكُمْ ۭ اِنَّهٗ كَانَ حُوْبًا كَبِيْرًا ○

Wa aatul yataamaa amwaalahum walaa tatabaddalul khabiitsa bith-thayyibi walaa ta'kuluu amwaalahum illaa amwaalikum, innahuu kaana huuban kabiiraa.

---

176). Miturut ngendikaning para Jumhur ahli Tafsir, Gusti Allah nitahaken tiyang estri (ibu Hawa) punika saking kadadosan iga pungkasanipun tiyang jaler (Nabi Adam a.s.) alasan hukum riwayat Bukhori Muslim. Saweneh Ulama anerangaken kadadosan saking unsur ingkang sami kados heyang Nabi Adam a.s. inggih punika siti lempung ing sakawit kacipta.

177). Tradisi tiyang Arab ingkang positip sae, manawi nyuwun pitulung ngasanes punika ngangge tetembungan: **"As aluka billaah"**, artosipun kula ndherek pitaken, utawi nyuwun pitulung kalawan asma Allah.
Kados tradisi bangsa kita, ingkang sade ngendika: **"Inggih kula nyade karana Allah"**, dene ingkang tumbas inggih ikrar: **"Inggih kula numbas karana Allah"**, sumangga ahli sosiologi punika unsur panaliti.

٣ - وَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تُقْسِطُوا فِي الْيَتَامَىٰ فَانْكِحُوا مَا طَابَ لَكُمْ مِنَ النِّسَاءِ مَثْنَىٰ وَثُلَاثَ وَرُبَاعَ ۖ فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تَعْدِلُوا فَوَاحِدَةً أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ ۚ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰ أَلَّا تَعُولُوا ۝

3. Manawa sira kuwatir ora bakal tindak adil ana ing bandhane bocah yatim, mangka sira nikaha para wanita kang dadi condhonging atinira, loro, telu utawa papat. Dene manawa sira padha kuwatir ora bakal bisa adil,[178] sira nikaha wanita siji bahe. Utawa wong wadon-tukon kang dadi darbekira, kang mangkono iku luwih cerak marang laku ora nganiaya.

Wa in khiftum allaa tuqsithuu fil yataamaa fankihuu maa thaaba lakum minan nisaa-i matsnaa wa tsulaatsa wa rubaa'a fa in khiftum allaa ta'diluu fa waahidatan au maa malakat aimaanukum, dzaalika adnaa allaa ta'uuluu.

٤ - وَآتُوا النِّسَاءَ صَدُقَاتِهِنَّ نِحْلَةً ۚ فَإِنْ طِبْنَ لَكُمْ عَنْ شَيْءٍ مِنْهُ نَفْسًا فَكُلُوهُ هَنِيئًا مَرِيئًا ۝

4. Lan sira padha menehna marang para wanita mau maskawine kang minangka dadi paweweh tandha-katresnan,[179] ananging manawa dheweke angrilakake sabagean saka maskawin mau marang sira, becik sira padha mangana sarana enak-kepenak.

Wa aatun nisaa-a shaduqaatihinna nihlah, fa in thibna lakum 'an syai-im minhu nafsan fakuluuhu hanii-am marii-aa.

٥ - وَلَا تُؤْتُوا السُّفَهَاءَ أَمْوَالَكُمُ الَّتِي جَعَلَ اللَّهُ لَكُمْ قِيَامًا وَارْزُقُوهُمْ فِيهَا وَاكْسُوهُمْ وَقُولُوا لَهُمْ قَوْلًا مَعْرُوفًا ۝

5. Lan sira aja padha menehake bandha marang wong kang durung sampurna akale (ngebreh), kang Allah wus anguwasakake bandhane wong ngebreh mau marang sira, ananging sira padha ngingonana lan nyandhangana nganggo bandhane mau, lan sira padha angucapa kang becik-becik marang dheweke.

Walaa tu'tus sufahaa-a amwaalakumul latii ja'alallaahu lakum qiyaamaw warzuquuhum fiihaa waksuuhum wa quuluu lahum qaulam ma'ruufaa.

٦ - وَابْتَلُوا الْيَتَامَىٰ حَتَّىٰ إِذَا بَلَغُوا النِّكَاحَ فَإِنْ آنَسْتُمْ مِنْهُمْ رُشْدًا فَادْفَعُوا إِلَيْهِمْ أَمْوَالَهُمْ ۖ وَلَا تَأْكُلُوهَا إِسْرَافًا وَبِدَارًا أَنْ يَكْبَرُوا ۚ وَمَنْ كَانَ غَنِيًّا فَلْيَسْتَعْفِفْ ۖ وَمَنْ كَانَ فَقِيرًا فَلْيَأْكُلْ بِالْمَعْرُوفِ ۚ فَإِذَا دَفَعْتُمْ إِلَيْهِمْ أَمْوَالَهُمْ فَأَشْهِدُوا عَلَيْهِمْ ۚ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ حَسِيبًا ۝

6. Lan sira padha nyoba netera pakartine bocah[180] yatim mau nganti tumekane wayah rabi, lan manawa sira wus weruh yenta bocah yatim mau wus pinter-mitayani, tumuli bandha darbeke pasrahna marang bocah-bocah mau, lan sira aja padha mangan bandhane bocah yatim kanthi leluwihan, lan aja kuwatir-anggege manawa bocah mau kaselak padha gedhe, diwasa. Lan sapa kang sugih, supaya dheweke iku perwira, ora mĕlu mangan bandhane bocah mau, ananging manawa dheweke iku wong mlarat-kasekengan hiya kena bahe melu mangan, ananging kudu kalayan kang becik-becik. Mangka manawa

Wabtalul yataamaa hattaa idzaa balaghun nikaaha fa in aanastum minhum rusydan fadfa'uu ilaihim amwaalahum walaa ta'kuluuhaa israafaw wa bidaaran ay yakbaruu, waman kaana ghaniyyan falyasta'-

178). Tumindak adil ing bab griya, giliran, sandhang, pangan, lan ubarampe bale griya sanes-sanesipun wajib dipun tetepi adil sahestu, manawi boten saged, inggih anggarwa satunggal kemawon. Miturut **Undang-Undang Perkawinan Negara Republik Indonesia**, antawisipun poligami kedah mawi izin kaserat dening isteri sepisan, ing Negari Mesir, lan Turki ugi makaten.

179). Inggih punika maskawin ingkang katetepaken kathah sakedhikipun dipun putusaken kalih pihak, sarana ikhlas.

180). Dipun teter tegesipun teliti bab agama, ilmu kasagedanipun, akhlak, sarta sageda dipun pitados lan kiyat madeg piyambak.

sira padha masrahake bandhane marang bocah yatim mau, supaya padha masrahake lan wus cukup Allah iku dadi Pamriksaning saksi-saksi mau.

fif waman kaana faqiiran fal ya'kul bil ma'ruuf, fa idzaa dafa'tum ilaihim amwaalahum fa asyhiduu 'alaihim, wa kafaa billaahi hasiibaa.

Prinsip-prinsip hukum waris.

٧ - لِلرِّجَالِ نَصِيبٌ مِّمَّا تَرَكَ الْوَالِدَانِ وَالْأَقْرَبُونَ وَلِلنِّسَاءِ نَصِيبٌ مِّمَّا تَرَكَ الْوَالِدَانِ وَالْأَقْرَبُونَ مِمَّا قَلَّ مِنْهُ أَوْ كَثُرَ نَصِيبًا مَّفْرُوضًا ۝

7. Tumrap wong lanang iku duwe hak bagean warisan saka bandha tetinggalane ibu-bapa, lan saka sanak sedulure. Lan tumrap wadon uga duwe hak bagean warisan saka tetinggalane ibu-bapa, lan saka sanak sedulure, padha uga sathithik utawa akeh iku miturut bagean kang wus ditamtokake.

Lir rijaali nashiibum mimmaa tarakal waalidaani wal aqrabuuna wa lin-nisaa-i nashiibum mimmaa tarakal waalidaani wal aqrabuuna mimmaa qalla minhu au katsur, nashiiban mafruudhaa.

٨ - وَإِذَا حَضَرَ الْقِسْمَةَ أُولُو الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسَاكِينُ فَارْزُقُوهُم مِّنْهُ وَقُولُوا لَهُمْ قَوْلًا مَّعْرُوفًا ۝

8. Lan ing nalika waktu angedum bagean waris iku sanak-sedulur ana kang padha teka,[181] lan bocah yatim, sarta wong miskin uga teka, kang ora mesthine nampa waris, iku kabeh padha sira ujurana saka warisan mau,[182] lan sira padha ngucapa marang wong-wong mau kalawan pangucap kang becik-becik.

Wa idzaa hadharal qismata ulul qurbaa wal yataamaa wal masaakiinu farzuquuhum minhu wa quuluu lahum qaulam ma'ruufaa.

٩ - وَلْيَخْشَ الَّذِينَ لَوْ تَرَكُوا مِنْ خَلْفِهِمْ ذُرِّيَّةً ضِعَافًا خَافُوا عَلَيْهِمْ فَلْيَتَّقُوا اللَّهَ وَلْيَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا ۝

9. Lan supaya padha wedia marang Allah wong kang saupama mati, sapemburine ninggalake anak-anake kang isih cilik, kang dheweke uga nguwatirake marang anak-anake iku yen kongsi kapiran, mula padha wedia marang Allah, lan padha ngucapa marang bocah yatim kalawan pangucap kang becik.

Wal yakhsyal ladziina lau tarakuu min khalfihim dzurriyyatan dhi'aafan khaafuu 'alaihim fal yattaqullaaha wal yaquuluu qaulan sadiidaa.

١٠ - إِنَّ الَّذِينَ يَأْكُلُونَ أَمْوَالَ الْيَتَامَىٰ ظُلْمًا إِنَّمَا يَأْكُلُونَ فِي بُطُونِهِمْ نَارًا ۖ وَسَيَصْلَوْنَ سَعِيرًا ۝

10. Sanyata wong-wong kang mangan bandha darbeke bocah yatim kalawan nganiaya, iku prasasat ngiseni wetenge nganggo geni, lan dheweke bakal padha kacemplungake ing Naraka Sa'ir kang genine makantar-kantar.

Innal ladziina ya'kuluuna amwaalal yataamaa dzulman innamaa ya'kuluuna fii buthuunihim naaraa, wa sayashlauna sa'iiraa.

١١ - يُوصِيكُمُ اللَّهُ فِي أَوْلَادِكُمْ ۖ لِلذَّكَرِ مِثْلُ حَظِّ الْأُنثَيَيْنِ ۚ فَإِن كُنَّ نِسَاءً فَوْقَ اثْنَتَيْنِ فَلَهُنَّ ثُلُثَا مَا تَرَكَ ۖ وَإِن كَانَتْ وَاحِدَةً فَلَهَا النِّصْفُ ۚ وَلِأَبَوَيْهِ لِكُلِّ وَاحِدٍ مِّنْهُمَا السُّدُسُ مِمَّا تَرَكَ إِن كَانَ لَهُ وَلَدٌ ۚ

11. Allah wus amutus hukume pambagean waris kanggo anak-anakira. Yaiku, bageane anak lanang siji padha karo bageane anak wadon loro,[183] lan manawa anake kabeh wadon luwih saka loro, mangka bageane rong paratelon saka bandhane tinggalan, dene manawa mung bocah wadon siji iku oleh se-

181). Sanak sadherek ingkang boten hak angsal bageyan waris.

182). Paweweh ujuran wau boten kenging langkung sapratigan saking bandha warisan.

183). Bageyanipun pria tikel kalihing bageyanipun wanita, sebab pria kuwajiban nyukani maskawin lan nafakah.

paroning tetinggalan. Dene bapa-biyunge wong kang mati, iku siji-sijine oleh bagean separaneme barang tinggalan, iku manawa kang mati ninggal anak. Manawa kang mati iku ora duwe anak, mangka kang anampani waris mung wong tuwane loro, dene si biyung oleh bagean saparateloning barang tinggalan. Dene manawa kang mati iku duwe sedulur, mangka pandumaning biyung saparaneme, iku sawuse kanggo ambayar wasiyat, utawa wus kanggo angesahi utang. Bapakira lan anak-anakira ora padha weruh mungguh Bapak lan anak mau endi kang luwih cerak anggone migunani marang sira kabeh. Hukum pangedum waris mangkono iku katetepan saka ngarsaning Allah, sanyata Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.

فَإِنْ لَّمْ يَكُنْ لَّهٗ وَلَدٌ وَّوَرِثَهٗٓ اَبَوٰهُ فَلِاُمِّهِ الثُّلُثُ ۚ
فَإِنْ كَانَ لَهٗٓ اِخْوَةٌ فَلِاُمِّهِ السُّدُسُ مِنْۢ بَعْدِ وَصِيَّةٍ
يُّوْصِيْ بِهَآ اَوْ دَيْنٍ ۗ اٰبَآؤُكُمْ وَاَبْنَآؤُكُمْ لَا تَدْرُوْنَ
اَيُّهُمْ اَقْرَبُ لَكُمْ نَفْعًا ۗ فَرِيْضَةً مِّنَ اللّٰهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ
عَلِيْمًا حَكِيْمًا ۝

Yuushiikumullaahu fii aulaadikum lidz dzakari mitslu hazhzhil untsayaini fa in kunna nisaa-an fauqats nataini fa lahunna tsulutsaa maa taraka wa in kaanat waahidatan fa lahan nisf, wa li-abawaihi likulli waahidim minhumaa sudusu mimmaa taraka in kaana lahuu waladun fa illam yakul lahuu waladuw wa waritsahuu abawaahu fa li-ummihits tsulutsu fa in kaana lahuu ikhwatun fa li-ummihis sudusu mim ba'di washiyyatiy yuushii bihaa au daiin, abaa-ukum wa abnaa-ukum laa tadruuna ayyuhum aqrabu lakum naf'aa, fariidhatam minallaahi innallaaha kaana 'aliiman hakiimaa.

12. Sira wong lanang padha oleh saparone bandha tinggalane bojonira, manawa dheweke ora tinggal anak, ananging manawa tinggal anak sira oleh separapate saka barang tinggalane, sawuse kanggo ambayar wasiyat utawa kanggo ngesahi utang. Lan dheweke iku padha oleh saparapat saka tinggalanira manawa sira ora duwe anak, dheweke nampa saparawolone saka bandha tetinggalanira, sawuse kanggo ambayar wasiyat lan ngesahi utang. Manawa ana wong mati ora duwe waris anak lan wong tuwa, wong lanang utawa wong wadon, mangka tumrap siji-sijining wong saka sakarone iku nampa separaneme. Mangka manawa luwih akeh saka iku mau, dheweke padha sekuthon ana ing saparatelone bagean, sawuse kanggo ambayar lan ngesahi utang, tur kang ora agawe kemalaratan;184) iku kabeh dhawuh saka ngarsaning Allah, ana dene Allah iku Maha Wikan sarta Maha Sabar.

١٢- وَلَكُمْ نِصْفُ مَا تَرَكَ اَزْوَاجُكُمْ اِنْ لَّمْ يَكُنْ لَّهُنَّ
وَلَدٌ ۚ فَاِنْ كَانَ لَهُنَّ وَلَدٌ فَلَكُمُ الرُّبُعُ مِمَّا تَرَكْنَ
مِنْۢ بَعْدِ وَصِيَّةٍ يُّوْصِيْنَ بِهَآ اَوْ دَيْنٍ ۗ وَلَهُنَّ الرُّبُعُ
مِمَّا تَرَكْتُمْ اِنْ لَّمْ يَكُنْ لَّكُمْ وَلَدٌ ۚ فَاِنْ كَانَ لَكُمْ وَلَدٌ
فَلَهُنَّ الثُّمُنُ مِمَّا تَرَكْتُمْ مِّنْۢ بَعْدِ وَصِيَّةٍ تُوْصُوْنَ
بِهَآ اَوْ دَيْنٍ ۗ وَاِنْ كَانَ رَجُلٌ يُّوْرَثُ كَلٰلَةً اَوِ امْرَاَةٌ
وَّلَهٗٓ اَخٌ اَوْ اُخْتٌ فَلِكُلِّ وَاحِدٍ مِّنْهُمَا السُّدُسُ ۚ فَاِنْ
كَانُوْٓا اَكْثَرَ مِنْ ذٰلِكَ فَهُمْ شُرَكَآءُ فِي الثُّلُثِ مِنْۢ
بَعْدِ وَصِيَّةٍ يُّوْصٰى بِهَآ اَوْ دَيْنٍ ۙ غَيْرَ مُضَآرٍّ ۚ وَصِيَّةً
مِّنَ اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَلِيْمٌ ۝

Wa lakum nishfu maa taraka azwaajukum il lam yakul lahunna waladun fa in kaana lahunna waladun fa lakumur rubu'u mimmaa tarakna mim ba'di washiyyatiy yuushiina bihaa au daiin, wa lahunnar rubu'u mimmaa taraktum il lam yakul lakum waladun fa in kaana lakum waladun fa lahunnats tsumunu mimmaa

184). Damel kemalaratan ahli waris inggih punika nyukani sanes ahli waris langkung saking sapratigan, punika boten kenging.

taraktum mim ba'di washiyyatin tuushuuna bihaa au daiin, wa in kaana rajuluy yuuratsu kalaalatan awimra-atuw wa lahuu akhun au ukhtun fa likulli waahidim minhumas sudusu fa in kaanuu aktsara min dzaalika fahum syurakaa-u fits tsulutsi mim ba'di washiyyatiy yuushaa bihaa au daiin, ghaira mudhaarriw washiyyatam minallaah, wallaahu 'aliimun haliim.

13. Kang kaya mangkono mau kabeh, yaiku angger-anggering Allah, sing sapa angestokake dhawuhing Allah lan UtusanNe sayekti Panjenengane karsa anglebokake dheweke ana ing Suwarga kang kaline mili ana sangisore, dheweke ing kono kaparingan kalanggengan, lan hiya mangkono iku kabegjan kang Agung.

١٣- تِلْكَ حُدُوْدُ اللّٰهِ وَمَنْ يُّطِعِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ يُدْخِلْهُ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا وَذٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

Tilka huduudullaah, wamay yuthi'illaaha wa rasuulahuu yud-hilhu jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa, wa dzaalikal fauzul 'azhiim.

14. Dene sapa kang laku duraka ing Allah lan UtusanNe, sarta nglanggar wangenan-wangenanNe, mesthi Panjenengane karsa nglebokake dheweke ing Neraka kang dheweke ana ing kono bakal langgeng, lan dheweke bakal kapatrapan siksa kang nina.

١٤- وَمَنْ يَّعْصِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ وَيَتَعَدَّ حُدُوْدَهٗ يُدْخِلْهُ نَارًا خَالِدًا فِيْهَا وَلَهٗ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ۝ ع ١٢

Wa may ya'shillaaha wa rasuulahuu wa yata'adda huduudahuu yud-hilhu naaran khaalidan fiihaa wa lahuu 'adzaabum muhiin.

Paugeran-dhasar kanggo anetepake laku nistha, lan wewatone.

15. Lan tumraping para wanita kang laku nistha,[185] iku kudu golekna saksi lanang papat cacahe saka kancanira, ing mangka manawa saksi papat mau wus anyekseni laku nistha mau, wanita mau enggal kurungen ana ing sajeroning omah, nganti dheweke iku mati, utawa nganti Allah karsa andamel dedalan marang dheweke lepas saka anggone dihukum kurung.

١٥- وَالّٰتِيْ يَاْتِيْنَ الْفَاحِشَةَ مِنْ نِّسَآئِكُمْ فَاسْتَشْهِدُوْا عَلَيْهِنَّ اَرْبَعَةً مِّنْكُمْ فَاِنْ شَهِدُوْا فَاَمْسِكُوْهُنَّ فِي الْبُيُوْتِ حَتّٰى يَتَوَفّٰهُنَّ الْمَوْتُ اَوْ يَجْعَلَ اللّٰهُ لَهُنَّ سَبِيْلًا ۝

Wallaatii ya'tiinal faahisyata min nisaa-i kum fastasyhiduu 'alaihinna arba'atam minkum fa in syahiduu fa amsikuu hunna fil buyuuti hattaa yatawaffaahunnal mautu au yaj'alallaahu lahunna sabiilaa.

16. Lan tumrape wong loro kang padha laku nistha zina, iku padha patrapana ukuman marang wong loro mau, dene manawa wong loro mau padha tobat lan becik kelakuane iku sira padha anyingkura saka dheweke, nengna bahe, sanyata Allah iku kang Nampa ing tobat sarta Maha Asih.

١٦- وَالَّذٰنِ يَاْتِيٰنِهَا مِنْكُمْ فَاٰذُوْهُمَا فَاِنْ تَابَا وَاَصْلَحَا فَاَعْرِضُوْا عَنْهُمَا اِنَّ اللّٰهَ كَانَ تَوَّابًا رَّحِيْمًا ۝

Walladzaani ya'tiyaanihaa minkum fa aadzuuhumaa fa in taaba wa ashlahaa, fa a'ridhuu 'an humaa, innallaaha kaana tawwaabar rahiimaa.

185). **Upami zina, homo sexueel, musahaqah (lasbian) wanita kaliyan wanita, makaten miturut Iman Muslim lan Mujahid.**

17. Sanyata tobat kang tinampa ing ngarsaning Allah iku tumrap wong kang nindakake laku ala kalawan kabodhohane,[186] ora antara suwe dheweke gelem tobat. Mangka wong kang kaya mangkono mau hiya wong kang bakal ditampa tobate dening Allah, Allah iku Maha Wikan sarta Maha Wicaksana.

١٧- إِنَّمَا التَّوْبَةُ عَلَى اللّٰهِ لِلَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ السُّوْٓءَ بِجَهَالَةٍ
ثُمَّ يَتُوْبُوْنَ مِنْ قَرِيْبٍ فَأُولٰٓئِكَ يَتُوْبُ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ
وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ٥

Innamat taubatu 'alallaahi lilladziina ya'maluunas suu-a bijahaalatin tsumma yatuubuuna min qariibin fa ulaa-ika yatuubullaahu 'alaihim, wa kaanallaahu 'aliiman hakiimaa.

18. Dene tobat iku dudu wong kang padha anindakake laku ala, nganti bareng salah sijine katekanan pati lagi angucap: "Sapunika kula sampun tobat". Lan ora klebu tobat tumrap wong kang mati mangka dheweke iku tetep kafir, wong-wong kang kaya mangkono iku, padha Ingsun cawisi siksa kang anglarani.

١٨- وَلَيْسَتِ التَّوْبَةُ لِلَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ السَّيِّاٰتِ حَتّٰٓى إِذَا
حَضَرَ أَحَدَهُمُ الْمَوْتُ قَالَ إِنِّيْ تُبْتُ الْنَ وَلَا
الَّذِيْنَ يَمُوْتُوْنَ وَهُمْ كُفَّارٌ ۚ أُولٰٓئِكَ أَعْتَدْنَا
لَهُمْ عَذَابًا أَلِيْمًا ٥

Wa laisatit taubatu lilladziina ya'maluunas sayyi-aati hattaa idzaa hadhara humul mautu qaala innii tubtul aana wa lal ladziina yamuutuuna wa hum kuffaar, ulaa-ika a'tadnaa lahum 'adzaaban aliimaa.

Cara urip sesrawungan karo bojo.

19. He para wong Mu'min kabeh, ora halal tumrap sira amaris para wanita kalawan peksan, [187] lan sira aja padha anyegah marang dheweke manawa arep laki maneh karo wong lanang liya, pamrihira supaya bisa angilangake saperangan bandhane kang wus sira wenehake marang dheweke, kajaba yenta wanita mau wus terang anggone laku nistha.[188] Lan supaya sira padha srawunga marang para wanita mau kalawan becik-becik. Ing mangka manawa sira padha gething marang dheweke, mangertia sawijining barang kang sira gethingi iku muga-muga ana ing kono Allah andadekake kabecikan kang akeh.

١٩- يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا يَحِلُّ لَكُمْ أَنْ تَرِثُوا النِّسَآءَ كَرْهًا ۖ
وَلَا تَعْضُلُوْهُنَّ لِتَذْهَبُوْا بِبَعْضِ مَآ اٰتَيْتُمُوْهُنَّ
إِلَّآ أَنْ يَّأْتِيْنَ بِفَاحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ ۚ وَعَاشِرُوْهُنَّ بِالْمَعْرُوْفِ ۚ
فَإِنْ كَرِهْتُمُوْهُنَّ فَعَسٰٓى أَنْ تَكْرَهُوْا شَيْئًا وَّيَجْعَلَ اللّٰهُ
فِيْهِ خَيْرًا كَثِيْرًا ٥

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa yahillu lakum an taritsun nisaa-a karhaa, walaa ta'dhuluu hunna litadzhabuu bi ba'dhi maa aataitumuu hunna illaa ay ya'tiina bifaahisyatim mubayyinatiw wa 'aasyiruuhunna bil ma'ruufi fa-in karihtumuuhunna fa 'asaa an takrahuu syaiaw wa yaj'alallaahu fiihi khairan katsiiraa

20. Lan manawa sira duwe niyat arep ganti bojo, arep rabi maneh, lan sira wus menehi marang bojo kang sira talak iku brana kang

٢٠- وَإِنْ أَرَدْتُّمُ اسْتِبْدَالَ زَوْجٍ مَّكَانَ زَوْجٍ ۙ وَّ
اٰتَيْتُمْ إِحْدٰىهُنَّ قِنْطَارًا فَلَا تَأْخُذُوْا مِنْهُ شَيْئًا ۚ

186). Kadosta, 1. ma'siyat nanging boten mangertos, kajawi yen saderengipun sampun dipun pikirpikir, 2. duraka dhumateng Allah, dipun sengaja, utawi boten, 3. nindakaken piala sebab kirang insaf, utawi kalimput dening hawa nafsu.

187). Saweneh qabilah Arab Jahiliyah gadhah adat, randha saking Bapakipun kedah dipun warisi anak ingkang sepuh utawi kulawarga sanes, hukum Islam boten halalaken malih.

188). Kadosta ambangkang printahing (panyuwun) tiyang jaler (simahipun), utawi nyakitaken manahipun.

akeh, poma dipoma sira aja pisan-pisan anjupuk sathithik bahe saka brana mau, apata sira iku tegel anjupuk bandha mau kalawan panganiaya, lan dosa kang nyata? 189)

أَتَأْخُذُونَهُۥ بُهْتَٰنًا وَإِثْمًا مُّبِينًا ۝

Wa in arrattumus tibdaala zaujim makaana zaujiw wa aatitum ihdaahunna qinthaaran falaa ta'khudzuu minhu syaian, ata'khudzuunahu buhtaanaw wa itsmam mubiinaa.

21. Kena apa teka sira nganti tegel anjupuk bandha maskawin mau, kang mangka sira wus saresmi lan rabinira, sarta dheweke wus padha aperjanji salaki-rabi kang kukuh.

٢١- وَكَيْفَ تَأْخُذُونَهُۥ وَقَدْ أَفْضَىٰ بَعْضُكُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ وَأَخَذْنَ مِنكُم مِّيثَٰقًا غَلِيظًا ۝

Wa kaifa ta'khudzuunahuu wa qad afdhaa ba'dhukum illaa ba'diw wa akhadznaa minkum miitsaaqan ghaliizhaa.

Angger-angger salaki-rabi.

22. Lan sira aja pisan-pisan padha angrabeni marang wong-wong wadon kang wus tau dirabeni dening bapak-bapakira, kajaba kang kabanjur biyen-biyen, sanyata kang mangkono mau laku jember-nistha, lan kabendon sarta ala-alaning dedalan.

٢٢- وَلَا تَنكِحُوا۟ مَا نَكَحَ ءَابَآؤُكُم مِّنَ ٱلنِّسَآءِ إِلَّا مَا قَدْ سَلَفَ ۚ إِنَّهُۥ كَانَ فَٰحِشَةً وَمَقْتًا ۖ وَسَآءَ سَبِيلًا ۝ ع ١٤

Walaa tankihuu maa nakaha aabaa-u kum minan nisaa-i illaa maa qad salaf, innahuu kaana faahisyataw wa maqtaw wa saa-a sabiilaa.

23. Lan sira uga padha diharamake angrabeni ibu-ibunira 190) lan anak-anakira wadon, lan kabeh sadulurira wadon, lan sadulur wadone bapakira, lan sadulur wadone biyungira, lan anak wadone sadulurira lanang, lan anak wadone sadulur wadon, lan wong wadon kang nyusoni sira, lan sadulur wadonira kang tunggal suson, lan para biyunge bojonira, lan anak kuwalonira kang sira wus becik karo biyunge, ananging manawa sira durung becik, durung cumbana karo dheweke, iku ora dosa tumrap sira, kena sira rabeni, sarta diharamake bojo-bojone anakira kang saka sira dhewe, lan uga sira ora kena angumpulake, wayuh, antarane sadulur wadon loro, kajaba kang wus kabanjur biyen-biyen. Ana dene Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Asih.

٢٣- حُرِّمَتْ عَلَيْكُمْ أُمَّهَٰتُكُمْ وَبَنَاتُكُمْ وَأَخَوَٰتُكُمْ وَعَمَّٰتُكُمْ وَخَٰلَٰتُكُمْ وَبَنَاتُ ٱلْأَخِ وَبَنَاتُ ٱلْأُخْتِ وَأُمَّهَٰتُكُمُ ٱلَّٰتِىٓ أَرْضَعْنَكُمْ وَأَخَوَٰتُكُم مِّنَ ٱلرَّضَٰعَةِ وَأُمَّهَٰتُ نِسَآئِكُمْ وَرَبَٰٓئِبُكُمُ ٱلَّٰتِى فِى حُجُورِكُم مِّن نِّسَآئِكُمُ ٱلَّٰتِى دَخَلْتُم بِهِنَّ فَإِن لَّمْ تَكُونُوا۟ دَخَلْتُم بِهِنَّ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ وَحَلَٰٓئِلُ أَبْنَآئِكُمُ ٱلَّذِينَ مِنْ أَصْلَٰبِكُمْ وَأَن تَجْمَعُوا۟ بَيْنَ ٱلْأُخْتَيْنِ إِلَّا مَا قَدْ سَلَفَ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ۝

Hurrimat 'alaikum ummahaatukum wa banaatukum wa akhawaatukum wa 'ammaatukum wa khaalaatukum wa banaatul akhi wa banaatul ukhti wa ummahaatukumul latii ardha'nakum wa akhawaatukum minar radhaa'ati wa ummahaatu nisaa-ikum wa rabaa-ibukumul laatii fii hujuurikum min nisaa-ikumul latii dakhaltum bihinna fa il lam takuunuu dakhaltum bihinna falaa junaaha 'alaikum wa halaa-ilu abnaa-ikumul ladziina min ashlaabikum wa an tajma'uu bainal ukhtaini illaa maa qad salaf, innallaaha kaana ghafuurur rahiimaa.

189). Barang-barang ingkang sampun dipun sukakaken dhumateng tilas simahipun punika boten kenging dipun suwun wangsul, senajan sakedhik sanget.

190). Maksudipun ibu punika ibu, mBah putri, lan sapenginggil. Anak estri salajengipun sapangandhap.

JUZ 5

٢٤- وَالْمُحْصَنٰتُ مِنَ النِّسَآءِ إِلَّا مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ ۚ كِتٰبَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ ۚ وَأُحِلَّ لَكُمْ مَّا وَرَآءَ ذٰلِكُمْ أَنْ تَبْتَغُوْا بِأَمْوَالِكُمْ مُّحْصِنِيْنَ غَيْرَ مُسٰفِحِيْنَ ۚ فَمَا اسْتَمْتَعْتُمْ بِهٖ مِنْهُنَّ فَاٰتُوْهُنَّ أُجُوْرَهُنَّ فَرِيْضَةً ۚ وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيْمَا تَرٰضَيْتُمْ بِهٖ مِنْۢ بَعْدِ الْفَرِيْضَةِ ۚ إِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ۝

Wal muhshanaatu minan nisaa-i illaa maa malakat aimaanukum kitaaballaahi 'alaikum wa uhilla lakum maa waraa-a dzaalikum an tabtaghuu bi amwaalikum muhshiniina ghaira musaafihiin, famastamta'tum bihii minhunna fa'tuuhunna ujuurahunna fariidhah, walaa junaaha 'alaikum fiimaa taraadhaitum bihii mim ba'dil fariidhah, innallaaha kaana 'aliiman hakiimaa.

24. Lan sira uga diharamake angrabeni wanita kang anduweni bojo, kajaba wanita jariyah kang dadi darbeking tanganira tengen,[191] kang mangkono mau wus dadi sawijining dhawuh angger-anggering Allah marang sira kabeh. Lan dihalalake tumrap sira angrabeni para wanita liyane kang kasebut mau,[192] karana ngupaya bojo kalawan nganggo bandhanira, dadi genahe sira aran sesomahan, ora aran zina. Endi bahe wanita kang sira wus ngalap seneng iku supaya sira wenehana maskawine kaya kang wus katetepake mesthi, kuwajiban arane, lan ora dosa tumrap sira manawa sira ngalap maskawin kang wus dililakake,[193] sanyata Allah iku ingkang Mikani sarta ingkang Maha Wicaksana.

٢٥- وَمَنْ لَّمْ يَسْتَطِعْ مِنْكُمْ طَوْلًا أَنْ يَّنْكِحَ الْمُحْصَنٰتِ الْمُؤْمِنٰتِ فَمِنْ مَّا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ مِّنْ فَتَيٰتِكُمُ الْمُؤْمِنٰتِ ۚ وَاللّٰهُ أَعْلَمُ بِإِيْمَانِكُمْ ۚ بَعْضُكُمْ مِّنْ بَعْضٍ ۚ فَانْكِحُوْهُنَّ بِإِذْنِ أَهْلِهِنَّ وَاٰتُوْهُنَّ أُجُوْرَهُنَّ بِالْمَعْرُوْفِ مُحْصَنٰتٍ غَيْرَ مُسٰفِحٰتٍ وَّلَا مُتَّخِذٰتِ أَخْدَانٍ ۚ فَإِذَآ أُحْصِنَّ فَإِنْ أَتَيْنَ بِفَاحِشَةٍ فَعَلَيْهِنَّ نِصْفُ مَا عَلَى الْمُحْصَنٰتِ مِنَ الْعَذَابِ ۚ ذٰلِكَ لِمَنْ خَشِيَ الْعَنَتَ مِنْكُمْ ۚ وَأَنْ تَصْبِرُوْا خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝ ع ٤

Wamal lam yastathi' minkum thaulan ay yankihal muhshanaatil mu'minaati famim maa malakat aimaanukum min fa-

25. Lan sapa bahe wong antarane sira kabeh ora kuwasa ambayar maskawin kanggo angrabeni wanita merdika kang Mu'min, sira angrabenana wanita jariyah kang dadi darbeking tanganira tengen sarta kang Mu'min, mangkono iku jalaran Allah luwih ngawuningani imanira, sawenehira lan sawenehe iku padha bahe,[194] mangka sira nikaha marang wanita mau kalawan idzining kang anduweni, lurahe; lan sira menehana marang dheweke maskawin kalawan becik, jalaran dheweke iku sira nikah, ora zina, sarta sira anggep kekasih. Ananging manawa dheweke wus dinikah nuli dheweke nindakake laku nistha zina, mangka dheweke kapatrapan siksa saparo siksane wanita kang mardika, kang mangkono iku tumrap wong saka sira, kang wedi anglakoni laku zina, ewa dene yen sira bisa sabar, iku luwih becik tumrap sira, Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

191). Batur tukon wanita ingkang simahipun boten dipun tawan kenging dipun nikah, nanging lajeng dados wanita merdeka!

192). Sanesipun wanita ingkang kasebat ing ayat no.23 lan no.24 surat An Nisaa'.

193). Inggih punika nambah, ngirangi, utawi boten bayar maskawin, ingkang sampun dipun lilakaken punika boten wonten tuntutan hukum malih.

194). Maksudipun batur tukon utawi tiyang merdika sami-sami putra wayah Adam lan Hawa, sarta sami-sami iman.

tayaatikumul mu'minaat, wallaahu a'-lamu bi-iimaanikum ba'dhukum mim ba'dhin fankihuuhunna bi-idzni ahlihinna wa aatuuhunna ujuurahunna bil ma'-ruufi muhshanaatin ghaira musaafihaatiw walaa muttakhidzaati akhdzaanin fa idzaa uhshinna fa in ataina bifaahisyatin fa 'alaihinna nishfu maa 'alal muhshanaati minal adzaab, dzaalika liman khasyiyal 'anata minkum, wa an tashbiruu khairul lakum, wallaahu ghafuurur rahiim.

26. Allah karsa anerangake marang sira, lan karsa nuduhake marang sira lelakone wong-wong biyen sadurungira, lan karsa paring pangapura marang sira, dene Allah iku Maha Ngawuningani lan Maha Wicaksana.

٢٦- يُرِيْدُ اللّٰهُ لِيُبَيِّنَ لَكُمْ وَيَهْدِيَكُمْ سُنَنَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِكُمْ وَيَتُوْبَ عَلَيْكُمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۝

Yuriidullaahu liyubayyina lakum wa yahdiyakum sunanal ladziina min qablikum wa yatuuba 'alaikum, wallaahu 'aliimun hakiim.

27. Allah karsa paring pangapura marang sira, dene wong-wong kang padha anggugu hawa nepsune iku padha pamrih supaya sira padha nyleweng temenan saka kabeneran.

٢٧- وَاللّٰهُ يُرِيْدُ اَنْ يَّتُوْبَ عَلَيْكُمْ ۖ وَيُرِيْدُ الَّذِيْنَ يَتَّبِعُوْنَ الشَّهَوٰتِ اَنْ تَمِيْلُوْا مَيْلًا عَظِيْمًا ۝

Wallaahu yuriidu ay yatuuba 'alaikum wa yuriidul ladziina yattabi'uunasy syahawaati an tamiiluu mailan 'azhiimaa.

28. Allah karsa angenthengake marang sira, jalaran manungsa iku dititahake apes.

٢٨- يُرِيْدُ اللّٰهُ اَنْ يُّخَفِّفَ عَنْكُمْ ۚ وَخُلِقَ الْاِنْسَانُ ضَعِيْفًا ۝

Yuriidullaahu ay yukhaffifa 'ankum wa khuliqal insaanu dha'iifaa.

Pangayoman hak pribadi.

29. He para wong Mu'min, sira aja mangan bandha-bandha ing antaranira dhewe kalawan batal,[195] kajaba manawa bandha mau arupa dagangan kang wus karana lega-lila, lan sira aja padha mateni awakira dhewe,[196] jalaran sanyatane Allah iku Maha Asih marang sira kabeh.

٢٩- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَاْكُلُوْٓا اَمْوَالَكُمْ بَيْنَكُمْ بِالْبَاطِلِ اِلَّآ اَنْ تَكُوْنَ تِجَارَةً عَنْ تَرَاضٍ مِّنْكُمْ ۣ وَلَا تَقْتُلُوْٓا اَنْفُسَكُمْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِكُمْ رَحِيْمًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa ta'-kuluu amwaalakum bainakum bil baathili illaa an takuuna tijaaratan 'an taraadhim minkum, walaa taqtuluu anfusakum, innallaaha kaana bikum rahiimaa.

30. Lan sing sapa wonge kang kaya mangkono mau, anglanggar aturan lan tumindak aniaya, yekti Ingsun anyemplungake dheweke ana ing Neraka, lan kang mangkono mau mungguhing Allah gampang.

٣٠- وَمَنْ يَّفْعَلْ ذٰلِكَ عُدْوَانًا وَّظُلْمًا فَسَوْفَ نُصْلِيْهِ نَارًا ۭ وَكَانَ ذٰلِكَ عَلَى اللّٰهِ يَسِيْرًا ۝

Wamay yaf'al dzaalika 'udwaanaw wa zhulman fa saufa nushliihi naaraa, wa kaana dzaalika 'alallaahi yasiiraa.

195). Maksudipun haram nedha darbeking ngasanes sarana margi ingkang boten halal!

196). Inggih punika tumindak nekat, nganyut tuwuh, nyogok, nampi sogok, ngangge barang sanes hakipun, punika namung raga, ananging langkung-langkung ngrisak jiwaning manungsa budaya, kadosta: imperialisme, kolonialisme, atheisme, munafik l.s.p.

31. Manawa sira padha angedohi laku dosa-dosa kang gedhe, kang sira pancen padha dicegah anindakake, sayekti Ingsun nutup (angilangi) kaluputanira kang cilik, lan bakal anglebokake sira kabeh ana ing papan kang minulya.

٣١- إِنْ تَجْتَنِبُوا كَبَآئِرَ مَا تُنْهَوْنَ عَنْهُ نُكَفِّرْ عَنْكُمْ سَيِّاٰتِكُمْ وَنُدْخِلْكُمْ مُّدْخَلًا كَرِيْمًا ۝

In tajtanibuu kabaa-ira maa tunhauna 'anhu nukaffir 'ankum sayyi-aatikum wa nudkhilkum mudkhalan kariimaa.

32. Lan sira aja padha meri dene Allah wus maringake kanugerahan marang sawenehira, ngungkuli ing sawenehe ana ing antarane sira kabeh, para priya oleh panduman saka hasil karyane, [197] lan uga para wanita oleh panduman saka hasil karyane. Sira padha nyuwuna sabagean kanugerahan saka ngarsaning Allah, sanyata Allah iku Maha Nyekseni ing samubarang.

٣٢- وَلَا تَتَمَنَّوْا مَا فَضَّلَ اللّٰهُ بِهٖ بَعْضَكُمْ عَلٰى بَعْضٍ ۭ لِلرِّجَالِ نَصِيْبٌ مِّمَّا اكْتَسَبُوْا ۭ وَلِلنِّسَآءِ نَصِيْبٌ مِّمَّا اكْتَسَبْنَ ۭ وَاسْـَٔـلُوا اللّٰهَ مِنْ فَضْلِهٖ ۭ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمًا ۝

Walaa tatamannau maa fadhdhalallaahu bihii ba'dhakum 'alaa ba'dhin, lirrijaali nashiibum mimmaktasabuu wa linnisaa-i nashiibum mimmaktasabna, was-alull-laaha min fadhlihii, innallaaha kaana bikulli syai-in 'aliimaa.

33. Lan tumrap saben-saben bandha tinggalane ibu-bapak lan sanak sadulur, Ingsun wus andadekake ahli-waris ahli-warise. [198] Dene wong-wong kang sira sumpah setyatuhu karo dheweke, iku wenehana bageane. Sanyata Allah iku kang Maha Nyekseni ing sabarangkalir.

٣٣- وَلِكُلٍّ جَعَلْنَا مَوَالِيَ مِمَّا تَرَكَ الْوَالِدٰنِ وَالْاَقْرَبُوْنَ ۭ وَالَّذِيْنَ عَقَدَتْ اَيْمَانُكُمْ فَاٰتُوْهُمْ نَصِيْبَهُمْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلٰي كُلِّ شَيْءٍ شَهِيْدًا ۝ ع

Wa likullin ja'alnaa mawaaliya mimmaa tarakal waalidaani wal aqrabuuna, wal-ladziina 'aqadat aimaanukum fa-aatuu-hum nashiibahum, innallaaha kaana 'alaa kulli syai-in syahiidaa.

Tata bebrayan salaki-rabi.

34. Kabeh wong lanang iku kuwajibane dadi pengayom tumrap wong wadon, jalaran Allah wus ngutamakake wong lanang ngungkuli wong wadon, lan sebab priya iku wus aweh nafakah saka bandhane. Dene wanita kang saleh yaiku wanita kang bekti ing gurulaki, [199] sarta kang rumeksa ing wewadi kalawan pangreksaning Alalh. [200] Ana dene

٣٤- اَلرِّجَالُ قَوّٰمُوْنَ عَلَي النِّسَآءِ بِمَا فَضَّلَ اللّٰهُ بَعْضَهُمْ عَلٰي بَعْضٍ وَّبِمَآ اَنْفَقُوْا مِنْ اَمْوَالِهِمْ ۭ فَالصّٰلِحٰتُ قٰنِتٰتٌ حٰفِظٰتٌ لِّلْغَيْبِ بِمَا حَفِظَ اللّٰهُ ۭ وَالّٰتِيْ تَخَافُوْنَ نُشُوْزَهُنَّ فَعِظُوْهُنَّ وَاهْجُرُوْهُنَّ فِي الْمَضَاجِعِ

197). **Makarya** punika wajib wonten bab lan wekdal punapa kemawon, sauger halal; kosok wangsulipun kesed, meri lan namung ngangen-angen punika awisanipun Agami, dados ikhtiyar punika kedah dipun saestoni, insya Allah beres lan temtu badhe sukses!

198). **Ahli waris** wonten Hukum Islam kados ingkang kasebat ing ayat no. 11 lan no. 12 Surat An Nisaa',

199). Kadosta anjagi lan biyantu kalenggahanipun kakung, saged anggulawenthah dhidhikanipun dhateng putra-putra, boten tumindak slingkuh, lan saged ngubedaken punapa kaskaya sarta darbekipun simah, sarta bekti dhumateng mara sepuh.

200). Langkung-langkung tumraping tiyang jaler saya awrat tanggel jawabipun, boten namung bab nafakah kemawon, ingkang penting piyambak sagedipun trep anetepi tuntunan ingkang sae samudayanipun.

وَاضْرِبُوهُنَّ ۖ فَإِنْ أَطَعْنَكُمْ فَلَا تَبْغُوا عَلَيْهِنَّ سَبِيلًا ۗ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلِيًّا كَبِيرًا ۝

Arrijaalu qawwaamuuna 'alannisaa-i bimaa fadhdhalallaahu ba'dhuhum 'alaa ba'dhin wa bimaa anfaquu min amwaalihim, fashshaalihaatu qaanitaatun haafizhaatun lilghaibi bimaa hafizhallaahu, wallaatii takhaafuuna nusyuuzahunna fa'izhuu hunna wahjuruu hunna fil madhaaji'i wadhribuu hunna, fa-in atha'nakum falaa tabghuu 'alaihinna sabiilaa, innallaaha kaana 'aliyyan kabiiraa.

wanita kang sira kuwatirake manawa tumindak mbladhak [201] ala, anglalekake kuwajiban, mangka pitutura kang becik marang dheweke, dene manawa wangkal, nuli sira misaha saka paturone, yen meksa isih tetep wangkale, gebugen dheweke iku. Ananging manawa dheweke wus manut-miturut marang sira, mangka sira aja golek dhadhakan gawe ngrekasa, [202] sanyata Allah iku Maha Luhur sarta Maha Agung.

٣٥- وَإِنْ خِفْتُمْ شِقَاقَ بَيْنِهِمَا فَابْعَثُوا حَكَمًا مِّنْ أَهْلِهِ وَحَكَمًا مِّنْ أَهْلِهَا ۚ إِنْ يُرِيدَا إِصْلَاحًا يُوَفِّقِ اللَّهُ بَيْنَهُمَا ۗ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلِيمًا خَبِيرًا ۝

Wa in khiftum syiqaaqa bainihimaa fab'atsuu hakamam min ahlihii wa hakamam min ahlihaa, in yuriidaa ishlaahay yuwaffiqillaahu bainahumaa, innallaaha kaana 'aliiman khabiiraa.

35. Manawa sira kuwatir ing antarane lanang wadon ana pasulayan, mangka sira padha nganakna juru pamisah sanake saka kang lanang, lan sijine maneh sanake saka kang wadon, manawa juru pamisah loro mau karep agawe becik, Allah karsa paring pitulung marang wong loro mau, sanyata Allah iku Maha Wikan sarta Maha Waspada.

Kuwajiban marang Allah lan marang masyarakat.

٣٦- وَاعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا ۖ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسَاكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَالْجَارِ الْجُنُبِ وَالصَّاحِبِ بِالْجَنْبِ وَابْنِ السَّبِيلِ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ مَن كَانَ مُخْتَالًا فَخُورًا ۝

Wa'budullaaha walaa tusyrikuu bihii syai-an wa bil waalidaini ihsaanan wa bidzil qurbaa wal yataamaa wal masaakiini wal jaari dzilqurbaa wal jaaril junubi washshaahibi bil janbi wabnissabiil, wa maa malakat aimaanukum, innallaaha laa yuhibbu man kaana mukhtaalan fakhuuraa.

36. Sira padha manembaha ing Allah, lan aja padha anyekuthokake ing Panjenengane Allah kalawan sawiji bae, apa dene supaya sira tansah padha agawe becik marang ibubapa, sadulur kang cerak, bocah-bocah yatim, wong-wong miskin, tangga teparo kang cerak, tangga teparo kang adoh, kanca kang raket, wong lelungan kang kentekan sangu, [203] lan kawula kang dadi rewangmu. Sanyata Allah iku ora remen marang wong kang padha gumedhe sarta ambeg kumalungkung, adigang lan adigung.

٣٧- الَّذِينَ يَبْخَلُونَ وَيَأْمُرُونَ النَّاسَ بِالْبُخْلِ وَيَكْتُمُونَ مَا آتَاهُمُ اللَّهُ مِن فَضْلِهِ ۗ وَأَعْتَدْنَا لِلْكَافِرِينَ عَذَابًا

37. Yaiku wong-wong kang padha medhit, lan kang marentah wong liya supaya melu medhit, sarta padha ngumpetake barang kanugerahan kang wus diparingake dening Allah

201). Tiyang estri nilar klaleng bela griya tanpa izin semahipun, naminipun "nusyuz".

202). Cara lan kawicaksananipun nyukani piwulang dhateng tiyang estri kedah sarana nasehat sae-sae rumiyin, manawi dereng hasil, dipun pisah sawatawis wekdal patilemanipun, manawi taksih dereng kapok nembe kapeksa dipun tangani ingkang boten nabet sakitipun. Dene manawi cara nasehat sampun wangsul sae, boten perlu cara sanes-sanesipun.

203). Kekesahan ingkang boten ma'siyat. Kalebet ibnu sabil lare boten kasumerepan Bapak Ibunipun.

مُّهِينًا ۝

Alladziina yabkhaluuna wa ya'muruunan naasa bil bukhli wa yaktumuuna maa aataahumullaahu min fadhlihi, wa a'tadnaa lil kaafiriina 'adzaabam muhiinaa.

marang dheweke. Lan Ingsun wus nyawisi tumrap wong kang padha kafir iku: siksa kang anginakake.

٣٨- وَالَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ رِئَآءَ النَّاسِ وَلَا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَلَا بِالْيَوْمِ الْآخِرِ ۗ وَمَن يَكُنِ الشَّيْطَانُ لَهُ قَرِينًا فَسَآءَ قَرِينًا ۝

Walladziina yunfiquuna amwaalahum ri-aa annaasi walaa yu'minuuna billaahi walaa bil yaumil aakhiri, wa may yakunisy syaithaanu lahuu qariinan fa saa-a qariinaa.

38. Dene wong kang padha andanakake bandhane pamrih kinaweruhan dening liyan, sarta ora padha iman marang Allah, lan dina Akhir. Lan sapa bahe kang kekancan karo syetan, mangka syetan iku sanyata ala-alane kanca.

٣٩- وَمَاذَا عَلَيْهِمْ لَوْ آمَنُوا بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَأَنفَقُوا مِمَّا رَزَقَهُمُ اللَّهُ ۚ وَكَانَ اللَّهُ بِهِمْ عَلِيمًا ۝

Wa maadzaa 'alaihim lau aamanuu billaahi wal yaumil aakhiri wa anfaquu mimmaa razaqahumullaahu, wa kaanallaahu bihim 'aliimaa.

39. Apata rugine tumrap dheweke manawa dheweke gelem iman marang Allah, lan marang dina Akhir, sarta padha gelem ananjakake peparinging Allah kang wus kaparingake marang dheweke? Allah iku Maha Ngawuningani marang wong-wong iku kabeh.

٤٠- إِنَّ اللَّهَ لَا يَظْلِمُ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ ۖ وَإِن تَكُ حَسَنَةً يُضَاعِفْهَا وَيُؤْتِ مِن لَّدُنْهُ أَجْرًا عَظِيمًا ۝

Innallaaha laa yazhlimu mitsqaala dzarratin, wa in taku hasanatay yudhaa'ifhaa wa yu'ti min ladunhu ajran 'azhiimaa.

40. Saryata Allah iku ora karsa anganiaya sanajan mung saboboting semut ireng, malah manawa sira ngamal kabecikan, Allah karsa maringi ganjaran tikel-matikel, sarta maringi ganjaran kang agung saka ngarsaNe.

٤١- فَكَيْفَ إِذَا جِئْنَا مِن كُلِّ أُمَّةٍ بِشَهِيدٍ وَجِئْنَا بِكَ عَلَىٰ هَٰؤُلَاءِ شَهِيدًا ۝

Fakaifa idzaa ji'naa min kulli ummatin bisyahiidiw wa ji'naa bika 'alaa haa-ulaa-i syahiidaa.

41. Kapriye bakal kedadeyane wong-wong kafir mau ing besuk, nalika Ingsun nekakake saksi-Rasul saka saben-saben Ummat, lan Ingsun nekakake sira Muhammad supaya dadi saksi tumrap wong-wong mau awit wus dadi Ummatira. [204]

٤٢- يَوْمَئِذٍ يَوَدُّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَعَصَوُا الرَّسُولَ لَوْ تُسَوَّىٰ بِهِمُ الْأَرْضُ ۚ وَلَا يَكْتُمُونَ اللَّهَ حَدِيثًا ۝

Yauma-idziy yawaddul ladziina kafaruu wa 'ashawur rasuula lau tusawwaa bihimul ardhu, walaa yaktumuunallaaha hadiitsaa.

42. Ana ing dina iku wong-wong kang padha kafir, lan wong kang padha duraka marang Rasul, seneng manawa Bumi iki sarta dheweke iku [205] dirata bahe, lan dheweke ora padha bisa ngumpetake munjuk atur marang Allah.

---

204). Rasulullah s.a.w. lan saben Rasul jumeneng saksi kangge ummatipun, tumindakipun wau punapa cocok kaliyan dhawuh lan papacuhing Allah punapa boten.

205). Maksudipun dipun simakaken dados siti.

43. He para wong Mu'min, sira aja padha nindakake Sholat lamun sira lagi mendem, kajaba manawa sira wus padha mangerti apa kang sira ucapake, lan aja padha Shalat manawa sira pinuju junub, mentas cumbana, kajaba wong kang lagi lelungan, nganti sira wis padha adus-gedhe. Manawa sira pinuju lara utawa lagi lelungan, utawa salah sijinira mentas teka saka ing jamban utawa maneh mentas gepokan (cumbana) karo wanita, nuli sira ora oleh banyu, sira banjur padha tayammuma, nganggo lebu kang suci, tumuli padha ngusapa ing rahinira lan tanganira. Sanyata Allah iku Maha Muwung sarta Maha Ngapura.

٤٣- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَقْرَبُوا الصَّلٰوةَ وَاَنْتُمْ سُكٰرٰى حَتّٰى تَعْلَمُوْا مَا تَقُوْلُوْنَ وَلَا جُنُبًا اِلَّا عَابِرِيْ سَبِيْلٍ حَتّٰى تَغْتَسِلُوْا ۭ وَاِنْ كُنْتُمْ مَّرْضٰٓى اَوْ عَلٰي سَفَرٍ اَوْ جَاۗءَ اَحَدٌ مِّنْكُمْ مِّنَ الْغَاۗىِٕطِ اَوْ لٰمَسْتُمُ النِّسَاۗءَ فَلَمْ تَجِدُوْا مَاۗءً فَتَيَمَّمُوْا صَعِيْدًا طَيِّبًا فَامْسَحُوْا بِوُجُوْهِكُمْ وَاَيْدِيْكُمْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَفُوًّا غَفُوْرًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa taqrabush shalaata wa antum sukaaraa hattaa ta'lamuu maa taquuluuna walaa junuban illaa 'aabirii sabiilin hattaa taghtasiluu, wa in kuntum mardhaa au 'alaa safarin au jaa-a ahadum minkum minal ghaa-ithi au laa mastumun nisaa-a falam tajiduu maa-an fatayammamuu sha'iidan thayyiban famsahuu bi wujuuhikum wa aidiikum, innallaaha kaana 'afuwwan ghafuuraa.

44. Apata sira Muhammad durung sumurup marang wong Yahudi lan Nasrani kang wus diparingi bagean saka Al Kitab, dheweke padha tuku barang sasar, sarta dheweke padha duwe karep supaya sira padha melu kasasar ing dalan.

٤٤- اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ اُوْتُوْا نَصِيْبًا مِّنَ الْكِتٰبِ يَشْتَرُوْنَ الضَّلٰلَةَ وَيُرِيْدُوْنَ اَنْ تَضِلُّوا السَّبِيْلَ ۝

Alam tara ilalladziina uutuu nashiibam minal kitaabi yasytaruunadh dhalaalata wa yuriiduuna an tadhillus sabiil.

45. Lan Allah iku luwih Ngawuningani ing anane mungsuh-mungsuhira, lan wus cukup Allah kang dadi Pangayoman ing parkaranira, lan wus cukup Allah dadi Panulung tumrap sira.

٤٥- وَاللّٰهُ اَعْلَمُ بِاَعْدَاۗىِٕكُمْ ۭ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَلِيًّا ۙ وَّكَفٰى بِاللّٰهِ نَصِيْرًا ۝

Wallaahu a'lamu bi a'daa-ikum, wa kafaa billaahi waliyyaa, wa kafaa billaahi nashiiraa.

46. Sawenehe wong Yahudi ana kang lancang wani angowahi kalimah-kalimah saka panggonane, lan dheweke padha angucap: "Kita sampun sami mireng, ananging kita sami mbangkang, panjenengan kula aturi mirengaken, ananging boten dipun gatosaken", lan pangucape maneh: "Ra'ina". 206) Dheweke padha mbolak-mbalik ucaping lisane, sarta padha anacad Agama. Saupama dheweke iku padha angucap: "Kita sampun sami mireng, lan kita sami andherek, panjenengan kula aturi midhanget sarta mugi nyerantosaken ing kita", satemene kang mang-

٤٦- مِنَ الَّذِيْنَ هَادُوْا يُحَرِّفُوْنَ الْكَلِمَ عَنْ مَّوَاضِعِهٖ وَيَقُوْلُوْنَ سَمِعْنَا وَعَصَيْنَا وَاسْمَعْ غَيْرَ مُسْمَعٍ وَّرَاعِنَا لَيًّۢا بِاَلْسِنَتِهِمْ وَطَعْنًا فِي الدِّيْنِ ۭ وَلَوْ اَنَّهُمْ قَالُوْا سَمِعْنَا وَاَطَعْنَا وَاسْمَعْ وَانْظُرْنَا لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ وَاَقْوَمَ ۙ وَلٰكِنْ لَّعَنَهُمُ اللّٰهُ بِكُفْرِهِمْ فَلَا يُؤْمِنُوْنَ اِلَّا قَلِيْلًا ۝

Minal ladziina haaduu yuharrifuunal kalima 'am mawaadhi'ihii wa yaquuluuna

206). Kula aturi maos malih kateranganipun ayat 104 Surat Al Baqarah.

kono iku luwih becik tumrap dheweke sarta luwih jejeg, ananging Allah wus paring la'nat marang dheweke kagawa anggone padha kafir, mulane ora padha gelem iman kajaba mung sathithik.

sami'naa wa 'ashainaa wasma' ghaira musma'iw wa raa'inaa layyam bi-alsinatihim watha'nan fiddiini, walau annahum qaaluu sami'naa wa atha'naa wasma' wanzhurnaa lakaana khairal lahum wa aqwam, walaakil la'anahumullaahu bikufrihim falaa yu'minuuna illaa qaliilaa.

47. He para wong kang padha diparingi Al Kitab, sira padha percayaa kalawan Al Quraan kang wus Ingsun turunake, kang ambenerake marang Kitab cecekelanira, ing sadurunge Ingsun nglebur rahi-rahi, tumuli Ingsun nginger rahi-rahine madhep memburi, utawa Ingsun paring la'nat marang dheweke kaya dene anggonIngsun paring la'nat marang wong kang laku ma'siyat ing dina Sabtu,[207] dene kabeh dhawuhing Allah iku mesthi tumindak.

٤٧ - يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ ءَامِنُوا۟ بِمَا نَزَّلْنَا مُصَدِّقًا
لِّمَا مَعَكُم مِّن قَبْلِ أَن نَّطْمِسَ وُجُوهًا فَنَرُدَّهَا عَلَىٰٓ
أَدْبَارِهَآ أَوْ نَلْعَنَهُمْ كَمَا لَعَنَّآ أَصْحَٰبَ ٱلسَّبْتِ ۚ وَكَانَ
أَمْرُ ٱللَّهِ مَفْعُولًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina uutul kitaaba aaminuu bimaa nazzalnaa mushaddiqal limaa ma'akum min qabli an nathmisa wujuuhan fanarudduhaa 'alaa adbaarihaa au nal'anahum kamaa la'annaa ash-haabas sabti, wa kaana amrullaahi maf'uulaa

48. Sanyata Allah iku ora karsa paring pangapura manawa Panjenengane disakuthokake, ananging Panjenengane ngapura dosa saliyane syirik, mangkono iku tumrap wong kang dadi kaparenging karsaNe. Lan sing sapa syirik-nyakuthokake marang Allah, sanyata dheweke iku wus tumindak dosa kang gedhe.

٤٨ - إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَغْفِرُ أَن يُشْرَكَ بِهِۦ وَيَغْفِرُ مَا دُونَ
ذَٰلِكَ لِمَن يَشَآءُ ۚ وَمَن يُشْرِكْ بِٱللَّهِ فَقَدِ ٱفْتَرَىٰٓ
إِثْمًا عَظِيمًا ۝

Innallaaha laa yaghfiru ay yusyraka bihii wa yaghfiru maa duuna dzaalika limay yasyaa-u, wa may yusyrika billaahi faqadiftaraa itsman 'azhiimaa.

49. Apa sira durung sumurup Muhammad ing wong Yahudi lan Nasrani kang ambek suci nyucekake marang awake? Ananging Allah anyucekake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan dheweke iku ora bakal padha dikaniaya sathithik-thithika. [208]

٤٩ - أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ يُزَكُّونَ أَنفُسَهُم ۚ بَلِ ٱللَّهُ يُزَكِّى
مَن يَشَآءُ وَلَا يُظْلَمُونَ فَتِيلًا ۝

Alam tara ilal ladziina yuzakkuuna anfusahum, balillaahu yuzakkii may yasyaa-u walaa yuzhlamuuna fatiilaa.

50. Den satitekna karpiye anggone wong-wong mau padha gawe gegorohan ing ngarsaning Allah, lan kang mangkono iku wus dadi sawijining dosa kang cetha.

٥٠ - ٱنظُرْ كَيْفَ يَفْتَرُونَ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ ۖ وَكَفَىٰ بِهِۦٓ
إِثْمًا مُّبِينًا ۝

Undzur kaifa yaftaruuna 'alallaahil kadzib, wa kafaa bihii itsmam mubiinaa.

---

207). **Mirsanana ayat 65 surat Al Baqarah, lan ayat 163 surat Al A'raaf.**

208 **Mirsanana ugi ayat 80 lan 111 surat Al Baqarah, sarta ayat 18 surat Al Maidah.**

51. Apa sira durung sumurup Muhammad marang wong kang wus diparingi panduman saka Al Kitab? Dheweke padha percaya marang brahala Jibti lan Taghut,[209] lan padha angucap marang rewange kang padha kafir, manawa wong-wong mau angaku-aku luwih oleh pituduh marang dalan kang bener, ngungkuli wong kang padha iman.

٥١ - اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ اُوْتُوْا نَصِيْبًا مِّنَ الْكِتٰبِ يُؤْمِنُوْنَ بِالْجِبْتِ وَالطَّاغُوْتِ وَيَقُوْلُوْنَ لِلَّذِيْنَ كَفَرُوْا هٰٓؤُلَآءِ اَهْدٰى مِنَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا سَبِيْلًا ۝

Alam tara ilal ladziina uutuu nashiibam minal kitaabi yu'minuuna bil jibti wath-thaaghuuti wa yaquuluuna lilladziina kafaruu haa-ulaa-i ahdaa minalladziina aamanuu sabiilaa.

52. Wong kang kaya mangkono mau yaiku wong kang padha dipatrapi la'nat dening Allah, dene sapa wonge kang dipatrapi la'nat dening Allah, sira ora bakal mergoki wong kang bisa tetulung marang dheweke.

٥٢ - اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ لَعَنَهُمُ اللّٰهُ ۭ وَمَنْ يَّلْعَنِ اللّٰهُ فَلَنْ تَجِدَ لَهٗ نَصِيْرًا ۝

Ulaa-ikal ladziina la'anahumullaah, wa may yal'anillaahu falan tajida lahuu nashiiraa.

53. Utawa apa patut dheweke iku oleh panduman panguwasa? Tangeh lamun; awit upama duwe panguwasa, dheweke ora bakal menehake kabecikan marang liyan.[210]

٥٣ - اَمْ لَهُمْ نَصِيْبٌ مِّنَ الْمُلْكِ فَاِذًا لَّا يُؤْتُوْنَ النَّاسَ نَقِيْرًا ۝

Am lahum mashiibum minal mulki fa-idzal laa yu'tuunan naasa naqiiraa.

54. Utawa apa patut dheweke tumindak drengki-srehi marang manungsa, utawa marang sira Muhammad, marga Allah kapareng-ing peparing kanugrahanNe ing manungsa mau.[211] Sanyata Ingsun wus maringi Al Kitab lan Hikmah marang tedhak turune Nabi Ibrahim, sarta Ingsun wus maringi Karaton kang gedhe marang dheweke.

٥٤ - اَمْ يَحْسُدُوْنَ النَّاسَ عَلٰي مَآ اٰتٰىهُمُ اللّٰهُ مِنْ فَضْلِهٖ ۚ فَقَدْ اٰتَيْنَآ اٰلَ اِبْرٰهِيْمَ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ وَاٰتَيْنٰهُمْ مُّلْكًا عَظِيْمًا ۝

Am yahsuduunan naasa 'alaa maa aataa-humullaahu min fadhlihi, faqad aatainaa aala ibraahiimal kitaaba wal hikmata wa aatainaahum mulkan 'azhiimaa.

55. Mangka sawenehe wong-wong mau ana wong kang percaya marang dheweke (Muhammad), lan saweneh liyane ana kang angalang-alangi wong arep iman marang dheweke (Muhammad), lan wus cukup dheweke disiksa ana ing naraka Jahanam kang genine panas makantar-kantar.

٥٥ - فَمِنْهُمْ مَّنْ اٰمَنَ بِهٖ وَمِنْهُمْ مَّنْ صَدَّ عَنْهُ ۭ وَكَفٰى بِجَهَنَّمَ سَعِيْرًا ۝

Faminhum man aamana bihii wa min-hum man shadda 'anhu, wa kafaa bi-jahannama sa'iiraa.

56. Sanyata wong-wong kang padha kafir ing ayat-ayatIngsun, besuk arsa Ingsun glan-

٥٦ - اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِنَا سَوْفَ نُصْلِيْهِمْ نَارًا ۭ كُلَّمَا

209). Naminipun syetan, lan kamusyrikan punapa kemawon sasanesing Allah ingkang dipun sembah-sembah.

210). Tiyang ingkang ngasta panguwaos, eksekutif punapa legislatif, nanging boten saged damel kasaenaning sosial lan ekonomining rakyat punika boten pantes.

211). Allah paring kanabian, Al-Quraan, sarta kamenangan sumiyaripun Da'wah Islam ing 'alam Donya kirang langkung 747,740.000 ummat Islam. (Religion of The World)

dhang kacemplungake ing Naraka. Saben-saben kulite mateng, Ingsun ganti kulit anyar liyane, supaya dheweke padha angrasakake siksa. Sanyata Allah iku Maha Gagah Prakosa sarta Maha Wicaksana.

نَضِجَتْ جُلُوْدُهُمْ بَدَّلْنٰهُمْ جُلُوْدًا غَيْرَهَا لِيَذُوْقُوا
الْعَذَابَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ۝

Innalladziina kafaruu bi aayaatinaa saufa nushliihim naaraa, kullamaa nadhijat juluuduhum baddalnaahum juluudan ghairahaa liyadzuuqul 'adzaaba, innallaaha kaana 'aziizan hakiimaa

57. Dene wong kang padha iman sarta nindakake amal shaleh, iku besuk arsa Ingsun lebokake ing Suwarga kang ngisore ana kaline mili, ing kono bakal padha langgeng salawase, lan ana ing kono dheweke bakal padha kaparingan bojo-widodari kang padha suci, lan Ingsun arsa anglebokake marang wong-wong mau ana ing pangayoman kang banget cyube.

٥٧- وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ سَنُدْخِلُهُمْ جَنّٰتٍ
تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۭ لَهُمْ
فِيْهَآ اَزْوَاجٌ مُّطَهَّرَةٌ ۡ وَّنُدْخِلُهُمْ ظِلًّا ظَلِيْلًا ۝

Walladziina aamanuu wa 'amilush-shaalihaati sanudkhiluhum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa abadaa, lahum fiihaa azwaajum muthaharatuw wa nudkhiluhum zhillan zhaliilaa.

Pokok kaidah fundamental Negara.

58. Sanyata Allah dhawuh marang sira kabeh supaya sira padha amasrahake titipan marang kang andarbeni, lan manawa sira padha mutusi ana ing antaraning para manungsa, supaya sira mutusi sarana adil. 212) Sanyata becik-beciking pitutur iku kang diparingake dening Allah marang sira kabeh, sanyata Allah iku kang Midhanget sarta kang Miksani.

٥٨- اِنَّ اللّٰهَ يَاْمُرُكُمْ اَنْ تُؤَدُّوا الْاَمٰنٰتِ اِلٰٓى اَهْلِهَا ۙ وَاِذَا
حَكَمْتُمْ بَيْنَ النَّاسِ اَنْ تَحْكُمُوْا بِالْعَدْلِ ۭ اِنَّ اللّٰهَ
نِعِمَّا يَعِظُكُمْ بِهٖ ۭ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ سَمِيْعًۢا بَصِيْرًا ۝

Innallaaha ya'murukum an tu-addul amaanati ilaa ahlihaa wa idzaa hakamtum bainan naasi an tahkumuu bil'adli, innallaaha ni'immaa ya'izhukum bihii, innallaaha samii'am bashiiraa.

59. He para wong Mu'min, sira padha angestokna marang Allah, lan angestokna marang Rasul, sarta angestokna wong kang ngasta Pamerintahan saka sira kabeh. 213) Dene manawa sira padha pasulayan ana ing sawijining perkara, supaya sira padha ambalekake perkara iku marang Allah, (Al Quraan) lan Rasul, (Sunnahe) yen nyata sira iku

٥٩- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَطِيْعُوا اللّٰهَ وَاَطِيْعُوا الرَّسُوْلَ وَ
اُولِي الْاَمْرِ مِنْكُمْ ۚ فَاِنْ تَنَازَعْتُمْ فِيْ شَيْءٍ فَرُدُّوْهُ
اِلَى اللّٰهِ وَالرَّسُوْلِ اِنْ كُنْتُمْ تُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ
الْاٰخِرِ ۭ ذٰلِكَ خَيْرٌ وَّاَحْسَنُ تَاْوِيْلًا ۝

212). Negarawan utawi sintena kemawon ngasta Pemerintahan wajib asifat jujur sarta adil ing sadaya aspek sosial, manawi boten, tamtu kakisruhan ingkang badhe kadadosan!

213). Tiyang ingkang ngasta Pemerintahan punika wajib iman ing Allah, iman dhumateng Rasulullah s.a.w., sarta nindakaken sadaya tatanan lan aturan agami Islam, manawi boten, tangeh lamun badhe saged damel adil-makmur materiil lan spirituil, karaharjan Donya lan Akherat.
Bab punika cocok sanget kados ingkang kasebat ing "**Wulang Reh**" yasan dalem Ingkang Sinuhun **Paku Buwono IV**: "Lamun ana wong micareng ngelmi, tan mufakat ing patang perkara, aja sira age-age, anganggep nyatanipun, limbangen lan kang patang perkara rumuhun, Dalil, Hadits, lan Idjmak, Qiyase, papat iku salah siji, anaa kang mufakat". Tegesipun ilmu pengetahuan utawi kawicaksanan paprentahan punika kedah cocok, boten kenging nyimpang, saking Dalil (Quraan), Hadist Rasulullah s.a.w., Idjmak lan Qiyas; pramila kedah dipun teliti, sampun nilar angger-anggering Agama.

padha iman ing Allah lan dina Akhir, kang mangkono iku luwih becik sarta luwih prayoga akibat-kadadeane.

Yaa ayyuhalladziina aamanuu athii'ullaaha wa athii'ur rasuula wa ulil amri minkum, fa-in tanaaza'tum fii syai-in farudduuhu ilallaahi warrasuuli in kuntum tu'minuuna billaahi wal yaumil aakhiri, dzaalika khairuw wa ahsana ta'wiilaa.

60. Apa sira Muhammad ora anyatitekake wong-wong kang angaku-aku wus iman marang Kitab kang diturunake marang sira, lan Kitab kang diturunake sadurungira, ing mangka dheweke iku tansah padha anjaluk kaputusan marang Taghut, tur dheweke wus kadhawuhan kafir marang Taghut, brahala panasaran, ananging syetan iku sumadya anyasarake wong-wong mau nganti sasare adoh temenan.

٦٠- اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ يَزْعُمُوْنَ اَنَّهُمْ اٰمَنُوْا بِمَآ اُنْزِلَ
اِلَيْكَ وَمَآ اُنْزِلَ مِنْ قَبْلِكَ يُرِيْدُوْنَ اَنْ يَّتَحَاكَمُوْٓا
اِلَى الطَّاغُوْتِ وَقَدْ اُمِرُوْٓا اَنْ يَّكْفُرُوْا بِهٖ ۗ وَيُرِيْدُ
الشَّيْطٰنُ اَنْ يُّضِلَّهُمْ ضَلٰلًا ۢ بَعِيْدًا ۝

Alam tara ilalladziina yaz'umuuna annahum bimaa unzila ilaika wa maa unzila min qablika yuriiduuna an yatahaakamuu ilath-thaaghuuti wa qad umiruu an yakfuruu bihii, wa yuriidusy-syaithaanu an yudhillahum dhalaalam ba'iidaa.

61. Lan manawa didhawuhake marang wong-wong mau: "Sira padha amrenea angestokake dhawuhing Allah, lan dhawuhe UtusanNe". Sira weruh wong-wong munafik iku padha mlengos, ora sudi marang sira.

٦١- وَاِذَا قِيْلَ لَهُمْ تَعَالَوْا اِلٰى مَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ وَاِلَى الرَّسُوْلِ
رَاَيْتَ الْمُنٰفِقِيْنَ يَصُدُّوْنَ عَنْكَ صُدُوْدًا ۝

Wa idzaa qiila lahum ta'aalau ilaa maa anzalallaahu wa ilarrasuuli ra-aital munaafiquuna yashudduuna 'anka shuduudaa.

62. Ananging hiyagene manawa dheweke iku padha ketaman bebaya jalaran saka tumindake kang dilakoni sarana tangane dhewe, tumuli dheweke padha sowan nemoni sira gita-gita, sumpah kalawan asmaning Allah: "Kita boten anggadhahi (pamrih) kekajengan kajawi namung dhumateng kasaenan sarta pitulungan".

٦٢- فَكَيْفَ اِذَآ اَصَابَتْهُمْ مُّصِيْبَةٌ ۢ بِمَا قَدَّمَتْ اَيْدِيْهِمْ
ثُمَّ جَآءُوْكَ يَحْلِفُوْنَ ۚ بِاللّٰهِ اِنْ اَرَدْنَآ اِلَّآ اِحْسَانًا
وَّتَوْفِيْقًا ۝

Fa kaifa idzaa ashaabathum mushiibatum bimaa qaddamat aidiihim tsumma jaa-uuka yahlifuuna: billaahi in aradnaa illaa ihsaanaw wa taufiiqaa.

63. Wong kang kaya mangkono mau Allah wus Ngawuningani barang kang ana sajeroning ati-atine, mula sira padha ngungkurna wong-wong mau, lan sira mituturana sarta ngandhanana marang wong-wong mau sarana pangucap kang bisa mranani ing ati-atine.

٦٣- اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ يَعْلَمُ اللّٰهُ مَا فِيْ قُلُوْبِهِمْ ۗ فَاَعْرِضْ
عَنْهُمْ وَعِظْهُمْ وَقُلْ لَّهُمْ فِيْٓ اَنْفُسِهِمْ قَوْلًا ۢ بَلِيْغًا ۝

Ulaa-ikal ladziina ya'lamullaahu maa fii quluubihim, fa a'ridh 'anhum wa 'izhhum wa qul lahum fii anfusihim qaulam baliighaa.

64. Lan Ingsun ora angutus sawijining Rasul, kajaba hamung supaya digugu-ditiru kalawan idzining Allah, lan manawa wong-wong

٦٤- وَمَآ اَرْسَلْنَا مِنْ رَّسُوْلٍ اِلَّا لِيُطَاعَ بِاِذْنِ اللّٰهِ ۗ وَلَوْ
اَنَّهُمْ اِذْ ظَّلَمُوْٓا اَنْفُسَهُمْ جَآءُوْكَ فَاسْتَغْفَرُوا اللّٰهَ

mau: sawuse padha anganiaya [214] marang awake dhewe, padha gelem sowan marang sira Muhammad, tumuli padha gelem nyuwun ngapura marang Allah, sarta Utusane Allah uga anyuwunake pangapura kanggo dheweke, sanyata dheweke mau padha nemu ing Allah, kapareng Ngapura sarta paring sih Wilasa.

وَاسْتَغْفَرَ لَهُمُ الرَّسُوْلُ لَوَجَدُوا اللّٰهَ تَوَّابًا رَّحِيْمًا ۝

Wamaa arsalnaa mir rasuulin illaa liyuthaa'a bi-idznillaah, walau annahum idz zhalamuu anfusahum jaa-uuka fastaghfarullaaha wastaghfara lahumur rasuulu lawajadullaaha tawwaabar rahiimaa.

65. Nanging sejatine ora, demi Pangeranira, dheweke nyatane ora iman, nganti dheweke padha ngangkat sira dadi Hakim, kang mutusi perkara kang andadekake pasulayan, ana ing antarane wong-wong mau, satemah atine ora padha nemoni rupeg bab perkara kang sira putusi, malah tambah temen-temen olehe pasrah.

٦٥- فَلَا وَرَبِّكَ لَا يُؤْمِنُوْنَ حَتّٰى يُحَكِّمُوْكَ فِيْمَا شَجَرَ بَيْنَهُمْ ثُمَّ لَا يَجِدُوْا فِيْٓ اَنْفُسِهِمْ حَرَجًا مِّمَّا قَضَيْتَ وَيُسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا ۝

Falaa wa rabbika laa yu'minuuna hattaa yuhakkimuuka fiimaa syajara bainahum tsumma laa yajiduu fii anfusihim harajam mimmaa qadhaita wa yusallimuu tasliimaa.

66. Lan manawa Ingsun dhawuh amajibake marang wong-wong mau: "Sira padha matenana awakira, utawa sira padha lungaa saka Negaranira",*) dheweke ora padha gelem anindakake, kajaba mung wong sathithik kang gelem, ing mangka manawa dheweke padha gelem anindakake barang kang didhawuhake mau, yekti becik tumrap dheweke, lan saya anyantosakake teteping atine gumolonging imane.

٦٦- وَلَوْ اَنَّا كَتَبْنَا عَلَيْهِمْ اَنِ اقْتُلُوْٓا اَنْفُسَكُمْ اَوِ اخْرُجُوْا مِنْ دِيَارِكُمْ مَّا فَعَلُوْهُ اِلَّا قَلِيْلٌ مِّنْهُمْ ۭ وَلَوْ اَنَّهُمْ فَعَلُوْا مَا يُوْعَظُوْنَ بِهٖ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ وَاَشَدَّ تَثْبِيْتًا ۝

Walau annaa katabnaa 'alaihim aniqtuluu anfusakum awikhrujuu min diyaarikum maa fa'aluuhu illaa qaliilum minhum, walau annahum fa'aluu maa yuu'azhuuna bihii lakaana khairal lahum wa asyadda tatsbiitaa.

67. Lan manawa bisa klakon mangkono, yekti Ingsun maringi marang wong-wong mau ganjaran kang agung saka ngarsanIngsun.

٦٧- وَّاِذًا لَّاٰتَيْنٰهُمْ مِّنْ لَّدُنَّآ اَجْرًا عَظِيْمًا ۝

Wa idzal la-aatainaahum mil ladunnaa ajran 'azhiimaa.

68. Lan sanyata Ingsun karsa anuduhake marang wong-wong mau lumaku ana ing dedalan kang lempeng.

٦٨- وَّلَهَدَيْنٰهُمْ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ۝

Wala hadainaahum shiraatham mustaqiimaa.

69. Lan sing sapa wonge ta'at ing Allah lan ta'at ing UtusanNe, hiya wong kang kaya mangkono mau bakal kagolongake karo wong-wong kang wus padha kaparingan ni'mat dening Allah, kaya dene para andika Nabi, para wong kang padha temen-

٦٩- وَمَنْ يُّطِعِ اللّٰهَ وَالرَّسُوْلَ فَاُولٰۗىِٕكَ مَعَ الَّذِيْنَ اَنْعَمَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ مِّنَ النَّبِيّٖنَ وَالصِّدِّيْقِيْنَ وَالشُّهَدَاۗءِ وَالصّٰلِحِيْنَ ۚ وَحَسُنَ اُولٰۗىِٕكَ رَفِيْقًا ۝

214). Tegesipun anganiaya punika mutusaken masalah boten adhedhasar piwucal syari'at Islam.

*). Artosipun supados merangi titiyang ingkang sami mimpin lan tumindak duraka (karisakan), utawi hijrah ing panggenan ingkang merdika nindakaken syari'at Islam.

temen,215) para wong kang padha mati syahid, lan para wong kang padha becik-becik tindake, wong kang kasebut iku kabeh dadi becik-beciking mitra.

Wamay yuthi'illaaha war rasuula fa-ulaa-ika ma'al ladziina an'amallaahu 'alaihim minan nabiyyiina wash-shiddii-qiina wasy-syuhadaa-i wash-shaalihiina wa hasuna ulaa-ika rafiiqaa.

70. Kang mangkono iku kanugerahan saka ngarsaning Allah, lan cukup Allah kang Maha Wikan.

٧٠ - ذٰلِكَ الْفَضْلُ مِنَ اللّٰهِ ۚ وَكَفٰى بِاللّٰهِ عَلِيْمًا ۝

Dzaalikal fadhlu minallaah, wa kafaa billaahi 'aliimaa.

Tehnik, taktik lan strategi yudha.

71. He para wong Mu'min kabeh, sira padha nyekelana kenceng kaprayitnanira, nuli mangsaha perang bregada-bregada, utawa padha majua kabeh bebarengan.

٧١ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا خُذُوْا حِذْرَكُمْ فَانْفِرُوْا ثُبَاتٍ اَوِ انْفِرُوْا جَمِيْعًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu khudzuu hidzrakum fanfiruu tsubaatin awinfiruu jamii'aa.

72. Lan sanyata sawenehing kancanira ana kang ngereni olehe maju ing yudha, mangka manawa sira kataman ing bebaya, kaseser kalah, dheweke ngucap: "Sanyata Allah wus paring ni'mat marang aku, jalaran aku kepasang yoga ora melu maju perang karo wong-wong mau".

٧٢ - وَاِنَّ مِنْكُمْ لَمَنْ لَّيُبَطِّئَنَّ ۚ فَاِنْ اَصَابَتْكُمْ مُّصِيْبَةٌ قَالَ قَدْ اَنْعَمَ اللّٰهُ عَلَيَّ اِذْ لَمْ اَكُنْ مَّعَهُمْ شَهِيْدًا ۝

Wa inna minkum lamal layubaththi-anna fa-in ashaabatkum mushiibatun qaala qad an'amallaahu 'alayya idz lam akun ma'ahum syahiidaa.

73. Ananging manawa sira oleh kanugerahan kemenangan, yekti dheweke bakal angucap kang kaya-kaya ing antarane wong-mau lan sira ora ana (kamanunggalan) tali sesanakan: "Ah ambok hiya aku biyen melu maju perang karo wong-wong mau, banjur aku oleh kabegjan kang gedhe padha karo wong-wong mau".

٧٣ - وَلَئِنْ اَصَابَكُمْ فَضْلٌ مِّنَ اللّٰهِ لَيَقُوْلَنَّ كَاَنْ لَّمْ تَكُنْۢ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهٗ مَوَدَّةٌ يّٰلَيْتَنِيْ كُنْتُ مَعَهُمْ فَاَفُوْزَ فَوْزًا عَظِيْمًا ۝

Wa la-in ashaabakum fadhlum minallaahi layaquulanna ka-allam takum bainakum wa bainahuu mawaddatuy yaa laitanii kuntu ma'ahum fa-afuuza fauzan 'a-zhiimaa.

74. Mula jalaran kang kaya mangkono mau, wong kang nukar panguripan Donya nganggo panguripan Akherat, supaya melua maju ing yudha karana angluhurake Agamaning Allah,216) jalaran sapa kang perang karana

٧٤ - فَلْيُقَاتِلْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ الَّذِيْنَ يَشْرُوْنَ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا بِالْاٰخِرَةِ ۗ وَمَنْ يُّقَاتِلْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ فَيُقْتَلْ اَوْ يَغْلِبْ فَسَوْفَ نُؤْتِيْهِ اَجْرًا عَظِيْمًا ۝

215). Para **shiddiiqiin** punika tiyang ingkang teguh imanipun dhumateng Rasulullah s.a.w. kados ingkang kasebat ing **Surat Al Faatihah**, inggih punika ingkang kaparingan ni'mat munfa'at, sebab dening **iman, ikhsan** (akhlaqipun), lan **islamipun!**

216). Inggih punika tiyang Mukmin ingkang ngutamekaken panggesangan Akherat, boten ajrih sumengka pengawak braja, berjoang kanthi ngrekasa lan boten ngedhap ngadhepi ing pejah, muhung ndherek dhawuhing Allah, sarta nyenyadhong Sih palimirmanipun.

angluhurake Agamaning Allah banjur pinatenan utawa menang, Ingsun arsa paring ganjaran kang agung marang wong mau.

Falyuqaatil fii sabiilillaahil ladziina yasyruunal hayaatad dun-yaa bil aakhirah, wamay yuqaatil fii sabiilillaahi fayuqtal au yaghlib fasaufa nu'tiihi ajran 'azhiimaa.

75. Yagene teka sira ora padha gelem perang karana angluhurake Agamaning Allah, ambelani wong-wong kang padha apes lanang, wadon, lan bocah-bocah kang padha munjuk atur: "Dhuh Pangeran-Pepundhen kita, mugi Paduka angedalaken ing kita saking Negari punika, ingkang pendudukipun anganiaya, tuwin mugi paringa ing kita tiyang ingkang angayomi saking ngarsa Paduka, tuwin mugi paringa ing kita tiyang ingkang tetulung saking ngarsa Paduka".

٧٥- وَمَا لَكُمْ لَا تُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَالْمُسْتَضْعَفِينَ مِنَ الرِّجَالِ وَالنِّسَاءِ وَالْوِلْدَانِ الَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا أَخْرِجْنَا مِنْ هَٰذِهِ الْقَرْيَةِ الظَّالِمِ أَهْلُهَا وَاجْعَلْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ وَلِيًّا ۚ وَاجْعَلْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ نَصِيرًا ۝

Wamaa lakum laa tuqaatiluuna fii sabiilillaahi wal mustadh'afiina minar rijaali wan-nisaa-i wal wildaanil ladziina yaquuluuna rabbanaa akhrijnaa min haadzihil qaryatizh zhaalimi ahluhaa, waj'al lanaa milladunka waliyyaa, waj'al lanaa milladunka nashiiraa.

76. Wong-wong kang Mu'min mau padha perang karana angluhurake Agamaning Allah, dene wong-wong kang padha kafir iku padha perang karana panasaran dedalaning Taghut.[217] Jalaran saka iku sira padha merangana para panulunging syetan, sebab pangrekane syetan iku apes temenan.

٧٦- الَّذِينَ آمَنُوا يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ ۖ وَالَّذِينَ كَفَرُوا يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ الطَّاغُوتِ فَقَاتِلُوا أَوْلِيَاءَ الشَّيْطَانِ ۖ إِنَّ كَيْدَ الشَّيْطَانِ كَانَ ضَعِيفًا ۝

Alladziina aamanuu yuqaatiluuna fii sabiilillaahi, walladziina kafaruu yuqaatiluuna fii sabiilith thaaghuuti faqaatiluu auliyaa-asy syaithaani, inna kaidasy-syaithaani kaana dha'iifaa.

Sikep mental munafik ana palaganing yudha.

77. Apa sira durung anyatitekake Muhammad marang wong[218] kang padha didhawuhi: "Saiki sira padha anyegaha tangan-tanganira aja padha maju perang, lan padha anindakna Sholat sarta padha menehna Zakat". Ananging bareng wong-wong mau padha diwajibake perang, ing kono ana sagolongan saka dheweke kang padha wedi ing manungsa kaya anggone padha wedi marang Allah, kapara malah angluwihi wedine marang manungsa, lan dheweke padha munjuk atur: "Dhuh Pangeran-Pepundhen kita, kados pundi teka Paduka amajibaken perang dhumateng kita? Mugi Paduka karsa nyarantos-

٧٧- أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ قِيلَ لَهُمْ كُفُّوا أَيْدِيَكُمْ وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ ۚ فَلَمَّا كُتِبَ عَلَيْهِمُ الْقِتَالُ إِذَا فَرِيقٌ مِنْهُمْ يَخْشَوْنَ النَّاسَ كَخَشْيَةِ اللَّهِ أَوْ أَشَدَّ خَشْيَةً ۚ وَقَالُوا رَبَّنَا لِمَ كَتَبْتَ عَلَيْنَا الْقِتَالَ ۖ لَوْلَا أَخَّرْتَنَا إِلَىٰ أَجَلٍ قَرِيبٍ ۗ قُلْ مَتَاعُ الدُّنْيَا قَلِيلٌ ۚ وَالْآخِرَةُ خَيْرٌ لِمَنِ اتَّقَىٰ ۚ وَلَا تُظْلَمُونَ فَتِيلًا ۝

Alam tara ilal ladziina qiila lahum kuffuu aidiyakum wa aqiimush-shalaata

217). Perangipun karana kadonyan, boten karana andherek dhawuhing Allah.

218). Tiyang ingkang lamis imanipun, lan pados alem, nyuwun dipun dhawuhi tumut perang saderengipun wonten dhawuh perang.

aken sawatawis wekdal malih". Dhawuha sira Muhammad: "Kabungahan Donya iku mung sepele, dene kabungahan ana ing Akherat iku luwih becik tumrape wong kang taqwa ing Allah, lan sira ora bakal padha dikaniaya sathithik-thithika".

wa aatuz zakaata falammaa kutiba 'alaihimul qitaalu idzaa fariiqum minhum yakhsyaunan naasa kakhasy-yatillaahi au asyadda khasy-yatan, wa qaaluu rabbanaa lima katabta 'alainal qitaala laulaa akhkhartanaa ilaa ajalin qariib, qul mataa'ud dun-yaa qaliilun wal aakhiratu khairul limanittaqaa walaa tuzhlamuuna fatiilaa.

78. Sira padha manggon ana ing ngendi bahe, mesthi sira bakal kacandhak dening pati, sanadyan sira ana ing sajeroning gedhong-gedhong kang santosa. Manawa wong-wong mau oleh kabecikan padha angucap: "Iki kabecikan tekane saka ngarsaning Allah", 219) dene manawa dheweke kataman ala, dheweke padha angucap: "Dene ala iki, saka sira Muhammad". Dhawuha sira Muhammad: "Kabeh-kabeh iku: terang saka ngarsaning Allah. Apa sababe dene wong-wong mau meh ora padha mangerti: cacaritan 220) dhawuhing Al Quraan?"

٧٨- أَيْنَ مَا تَكُونُوا يُدْرِكْكُمُ الْمَوْتُ وَلَوْ كُنْتُمْ فِي بُرُوجٍ مُشَيَّدَةٍ ۗ وَإِنْ تُصِبْهُمْ حَسَنَةٌ يَقُولُوا هَٰذِهِ مِنْ عِنْدِ اللَّهِ ۖ وَإِنْ تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌ يَقُولُوا هَٰذِهِ مِنْ عِنْدِكَ ۗ قُلْ كُلٌّ مِنْ عِنْدِ اللَّهِ ۖ فَمَالِ هَٰؤُلَاءِ الْقَوْمِ لَا يَكَادُونَ يَفْقَهُونَ حَدِيثًا ۝

Aina maa takuunuu yudrikkumul mautu walau kuntum fii buruujim musayyadah, wa in tushibhum hasanatuy yaquuluu haadzihii min 'indillaah, wa in tushibhum sayyi-atuy yaquuluu haadzihii min 'indika, qul kullum min 'indillaah, famaali haa-ulaa-il qaumi laa yakaaduuna yafqahuuna hadiitsaa.

79. Sakabehing kani'matan kang tumeka ing sira, iku pancen saka ngarsaning Allah, lan sakabehing kabilahen kang sumandhang ing sira, iku saka awakira dhewe. Lan Ingsun angutus ing sira Muhammad marang para manungsa iku maligi dadi Utusan, lan wus cukup Allah pribadi kang nyekseni.

٧٩- مَا أَصَابَكَ مِنْ حَسَنَةٍ فَمِنَ اللَّهِ ۖ وَمَا أَصَابَكَ مِنْ سَيِّئَةٍ فَمِنْ نَفْسِكَ ۚ وَأَرْسَلْنَاكَ لِلنَّاسِ رَسُولًا ۚ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ شَهِيدًا ۝

Maa ashaabaka min hasanatin famin allaahi wamaa ashaabaka min sayyi-atin famin nafsik, wa arsalnaaka linnaasi rasuulaa, wa kafaa billaahi syahiidaa.

80. Sapa kang ambangun-miturut marang Kanjeng Rasul, sanyata iku wus ambangun-miturut ing Allah, lan sapa bahe kang mopo, nengna bahe Muhammad, awit Ingsun ora angutus sira perlu anjaga wong-wong kang bonto. 221)

٨٠- مَنْ يُطِعِ الرَّسُولَ فَقَدْ أَطَاعَ اللَّهَ ۖ وَمَنْ تَوَلَّىٰ فَمَا أَرْسَلْنَاكَ عَلَيْهِمْ حَفِيظًا ۝

May yuthi'ir rasuula faqad athaa'allaaha waman tawallaa famaa arsalnaaka 'alaihim hafiizhaa.

219). Ingkang dipun maksud kabecikan punika kamenangan utawi rezeki peparingipun Allah.

220). Cacaritan punika nasehat sarta pitedahing Agami.

221). Para andika Rasul boten anjamin supados tiyang-tiyang boten lampah dosa utawi tumindak karisakan, kadosta ing jaman sapunika terrorisme, narkotika, kenakalan remaja, sarta perjudian rolet lan warni-warni ma'siyat tingkat inggil.

81. Wong munafik iku padha matur marang sira Muhammad: "Kula sadaya sami andherek ing panjenengan", ananging manawa dheweke wus padha mundur nglungani saka ing ngarepira, ana sagolongan saka wong-wong mau kang ambatin, kosok-baline apa kang diucapake, ananging Allah iku nyathet apa kang dibatin dening wong-wong mau. Jalaran saka kang kaya mangkono iku sira ngungkurna, aja angrewes dheweke, lan pasraha marang Allah, lan wus cukup Allah iku kang pinasrahan.

٨١ - وَيَقُولُونَ طَاعَةٌ فَإِذَا بَرَزُوا مِنْ عِنْدِكَ بَيَّتَ طَائِفَةٌ مِنْهُمْ غَيْرَ الَّذِي تَقُولُ وَاللَّهُ يَكْتُبُ مَا يُبَيِّتُونَ فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ وَكَفَى بِاللَّهِ وَكِيلًا ٥

Wa yaquuluuna thaa'atun fa-idzaa barazuu min 'indika bayyata thaa-ifatum minhum ghairal ladzii taquulu wallaahu yaktubu maa yubayyituuna, fa-a'ridh 'anhum wa tawakkal 'alallaah, wa kafaa billaahi wakiilaa.

82. Apata dheweke ora padha mikir-mikir surasaning Al Quraan? Saupama tumuruning Al Quraan iku ora saka ngarsaning Allah, temen dheweke padha nemu isi ing sajeroning Al Quraan iku: akeh kang gegesehan.

٨٢ - أَفَلَا يَتَدَبَّرُونَ الْقُرْآنَ وَلَوْ كَانَ مِنْ عِنْدِ غَيْرِ اللَّهِ لَوَجَدُوا فِيهِ اخْتِلَافًا كَثِيرًا ٥

Afalaa yatadabbaruunal qur-aana, walau kaana min 'indi ghairillaahi lawajaduu fiihikh tilaafan katsiiraa.

83. Lan manawa wong lelamisan iku padha nampa kabar perkara kaamanan utawa kahanan kang nguwatirake, dheweke banjur padha enggal-enggal anggiyarake kabar mau marang umum, lan saupama dheweke iku padha ambalekake kabar mau marang Utusaning Allah, lan marang wong kang ngasta tata-praja saka pamarentahane, 222) temen kabar mau bakal dimangerteni sanyatane, dening wong-wong kang kawogan anyatitekake bab iku,*) prayoga diwartakake apa ora lan saupama Allah ora karsa maringake sih kanugerahane marang sira kabeh, sanyata sira banjur padha kelut-kapilut marang syetan, kang ora manut kajaba mung sathithik.

٨٣ - وَإِذَا جَاءَهُمْ أَمْرٌ مِنَ الْأَمْنِ أَوِ الْخَوْفِ أَذَاعُوا بِهِ وَلَوْ رَدُّوهُ إِلَى الرَّسُولِ وَإِلَى أُولِي الْأَمْرِ مِنْهُمْ لَعَلِمَهُ الَّذِينَ يَسْتَنْبِطُونَهُ مِنْهُمْ وَلَوْلَا فَضْلُ اللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُ لَاتَّبَعْتُمُ الشَّيْطَانَ إِلَّا قَلِيلًا ٥

Wa idzaa jaa-ahum amrum minal amni awil khaufi adzaa'uubih, walau radduuhu ilar rasuuli wa ilaa ulil amri minhum la-'alimahul ladziina yastambithuunahuu minhum, walau laa fadhlullaahi 'alaikum wa rahmatuhuu lattaba'tumusy syaithaana illaa qaliilaa.

Mobilisasi lan etik peperangan

84. Mangka sira padha peranga angrungkebi dedalaning Allah, kang kuwajiban perang iku dudu sapa-sapa ananging awakira dhewe, 223) lah sira anggretehana marang

٨٤ - فَقَاتِلْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ لَا تُكَلَّفُ إِلَّا نَفْسَكَ وَحَرِّضِ الْمُؤْمِنِينَ عَسَى اللَّهُ أَنْ يَكُفَّ بَأْسَ الَّذِينَ

222). Ing zaman Rasulullah s.a.w. inggih punika para Sahabat lan para Winasis ing ilmu, zaman sapunika Ulil Amri punika Pemerintahan Cara Demokrasi, boten tebih kados tata negari ing Indonesia cara Demokrasi Pancasila naminipun.

223). Wadiyabala zaman Rasulullah s.a.w. punika lahiripun, dewasanipun, sarta perjoanganipun, saking lan kangge kepentingan rakyat-semesta; ingkang mimpin lan ingkang dipun pimpin dhasaripun taqwa ing Allah s.w.t. Dene sebab tumuruning ayat punika ing wiwitan perang **Badar Shughra ing Madinah**, dipun pelopori Rasulullah piyambak, tumunten sami dhateng para mobilisan Muslimin, ingkang intinipun pasukan, para Sahabat Nabi s.a.w. Wadiyabala zaman samanten boten tampi bayar, ananging angsal imbalan jasa bageyan saking ghonimah (rampasan perang).

*). Kados dene lembaga intelijen ingkang kawogan ngusadaken kondisi tata tentrem lan dinamis!

para wong Mu'min. Muga-muga Allah anyirnakake kegagahane wong kafir, supaya kalah; jalaran Allah iku ingkang luwih Gagah Perkosa, sarta siksane uga luwih dening abot.

كَفَرُوْا ۗ وَاللّٰهُ اَشَدُّ بَأْسًا وَّاَشَدُّ تَنْكِيْلًا ۝

Faqaatil fii sabiilillaahi laa tukallafu illaa nafsaka wa haridhil mu'miniina, 'asallaahu ay yakuffa ba'sal ladziina kafaruu, wallaahu asyaddu ba'saw wa asyaddu tankiilaa.

85. Sapa kang tetulung kalawan pitulungan kabecikan,[224] mesthi bakal tampa ganjaraning kabecikan iku, lan sapa kang tetulung prakara ala, hiya bakal melu nanggung alane iku. Allah iku kang Kuwasa anjaga marang sakabehing sawiji-wiji.

٨٥ - مَنْ يَّشْفَعْ شَفَاعَةً حَسَنَةً يَّكُنْ لَّهٗ نَصِيْبٌ مِّنْهَا ۚ وَمَنْ يَّشْفَعْ شَفَاعَةً سَيِّئَةً يَّكُنْ لَّهٗ كِفْلٌ مِّنْهَا ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ مُّقِيْتًا ۝

Man yasyfa' syafaa'atan hasanatay yakun lahuu nashiibum minhaa wa may yasyfa' syafaa'atan sayyi-atay yakun lahuu kiflum minhaa, wa kaanallaahu 'alaa kulli syai-im muqiitaa.

86. Lan manawa sira padha dikurmati nganggo sawijining pakurmatan, banjur genti padha ngurmatana sarana pakurmatan kang luwih becik, utawa hiya balesana sapadhane.[225] Sanyata Allah iku ing samubarang kahanan tansah niti-priksa.

٨٦ - وَاِذَا حُيِّيْتُمْ بِتَحِيَّةٍ فَحَيُّوْا بِاَحْسَنَ مِنْهَآ اَوْ رُدُّوْهَا ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ حَسِيْبًا ۝

Wa idzaa huyyiitum bitahiyyatin fahayyuu bi ahsana minhaa au rudduuhaa, innallaaha kaana 'alaa kulli syai-in hasiibaa.

87. Iku Allah, ora ana Pepundhen kang sinembah-sembah kajaba mung Panjenengane pribadi. PanjenengaNe karsa anglumpukake ing sira kabeh ana ing dina Qiyamat, ing kono ora ana kamamangan maneh, mula sapa ta kang luwih temen pangucape, ngungkuli tinimbang lan pangandikane Allah?

٨٧ - اَللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۗ لَيَجْمَعَنَّكُمْ اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ لَا رَيْبَ فِيْهِ ۗ وَمَنْ اَصْدَقُ مِنَ اللّٰهِ حَدِيْثًا ۝ ع

Allaahu laa-ilaaha illaa huwa, layajma'annakum ilaa yaumil qiyaamati laa raiba fiihi, waman ashdaqu minallaahi hadiitsaa.

Ngadhepi solah tingkahe wong munafik.

88. Ya gene teka sira dadi rong golongan[226] ing perkara wong kang padha munafik? Ing mangka Allah wus ambalekake dheweke marang kekafiran, sebab dening tumindake dhewe? Apa sira padha karep nu-

٨٨ - فَمَا لَكُمْ فِى الْمُنٰفِقِيْنَ فِئَتَيْنِ وَاللّٰهُ اَرْكَسَهُمْ بِمَا كَسَبُوْا ۗ اَتُرِيْدُوْنَ اَنْ تَهْدُوْا مَنْ اَضَلَّ اللّٰهُ ۗ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَلَنْ تَجِدَ لَهٗ سَبِيْلًا ۝

224). **Syafa'at Hasanah** utawi pitulung kasaenan maksudipun ngayomi hak asasi manungsa sarta nebihaken sadaya ingkang damel kasangsaran. Dene syafa'at sayiat utawi pitulung awon punika kosok wangsulipun.

225). **Pakurmatan sacara Islam** sarana ucapan: "Assalamua'laikum warohmatullahi wabarakatuh!"

226). Artosipun golongan Mukmin ingkang ambelani tiyang Munafik, sagolongan malih memengsahan lajeng ingkang ambelani kadhawuhan merangi tiyang Munafik.

duhake marang wong kang disasarake dening Allah, ing mangka sapa kang disasarake dening Allah, sira ora bakal nemu dalane kanggo nuduhake marang dheweke.

Famaa lakum fil munaafiqiina fi-ataini wallaahu arkasahum bimaa kasabuu, aturiduuna an tahduu man adhallallaah, wa may yudhlilillaahu falan tajida lahuu sabiilaa.

89. Pepinginane wong-wong munafik iku seneng manawa sira padha dadi kafir kaya dheweke, nuli sira dadi padha karo wong munafik mau, jalaran saka iku sira aja padha nganggep mitra marang dheweke, nganti dheweke padha gelem netepi (hijrah) ing Agamaning Allah apa mesthine. Ananging manawa dheweke padha tetep mbangkang nuli padha tawanen lan padha patenana ana ngendi bahe sira ketemu dheweke, [227] lan poma dipoma sira aja nganggep wong-wong mau dadi pangayoman lan aja nganggep kang mitulungi.

٨٩- وَدُّوا لَوْ تَكْفُرُونَ كَمَا كَفَرُوا فَتَكُونُونَ سَوَاءً فَلَا
تَتَّخِذُوا مِنْهُمْ أَوْلِيَاءَ حَتَّىٰ يُهَاجِرُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ
فَإِنْ تَوَلَّوْا فَخُذُوهُمْ وَاقْتُلُوهُمْ حَيْثُ وَجَدْتُمُوهُمْ
وَلَا تَتَّخِذُوا مِنْهُمْ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ۝

Wadduu lau takfuruuna kamaa kafaruu fatakuunuuna sawaa-an falaa tattakhidzuu minhum auliyaa-a hattaa yuhaajiruu fii sabiilillaah, fa-in tawallau fakhudzuuhum waqtuluuhum haitsu wajadtumuuhum walaa tattakhidzuu minhum waliyyaw walaa nashiiraa.

90. Kajaba wong-wong kang banjur padha ngungsi marang golongan kang wus anduweni perjanjian kukuh kalawan sira, [228] utawa dheweke padha teka sowan ing sira, padha sesak atine rumangsa ora keconggah merangi ing sira utawa merangi ing golongane, ing mangka manawa ana kaparenging karsane Allah sanyata Allah karsa paring kuwanen maneh marang wong-wong munafik iku, ing temahan dheweke banjur merangi maneh marang sira. Jalaran saka iku manawa dheweke sumingkir saka sira yaiku ora padha merangi sira lan padha nawakake marang sira bedhami, ing kono Allah ora andadekake dalan marang sira kanggo merangi wong-wong mau.

٩٠- إِلَّا الَّذِينَ يَصِلُونَ إِلَىٰ قَوْمٍ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ مِيثَاقٌ
أَوْ جَاءُوكُمْ حَصِرَتْ صُدُورُهُمْ أَنْ يُقَاتِلُوكُمْ أَوْ
يُقَاتِلُوا قَوْمَهُمْ وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَسَلَّطَهُمْ عَلَيْكُمْ
فَلَقَاتَلُوكُمْ فَإِنِ اعْتَزَلُوكُمْ فَلَمْ يُقَاتِلُوكُمْ وَأَلْقَوْا
إِلَيْكُمُ السَّلَمَ فَمَا جَعَلَ اللَّهُ لَكُمْ عَلَيْهِمْ سَبِيلًا ۝

Illal ladziina yashiluuna ilaa qaumim bainakum wa bainahum miitsaaqun au jaa-uukum hashirat shuduuruhum ay yuqaatiluukum au yuqaatiluu qaumahum, walau syaa-allaahu lasallathahum 'alaikum falaqaataluukum, faini'tazaluukum falam yuqaatiluukum wa alqau ilaikumus salama famaa ja'alallaahu lakum 'alaihim sabiilaa.

91. Sira bakal padha amrangguli wong-wong munafik sejene, yaiku kang padha karep anyantosakake kaamanan ing sira kabeh, lan karep anyantosakake kaamanan ing kaume, ananging samangsa dheweke diajak tumindak fitnah (syirik) dheweke enggal wae sumujud angrujuki, jalaran saka iku

٩١- سَتَجِدُونَ آخَرِينَ يُرِيدُونَ أَنْ يَأْمَنُوكُمْ وَيَأْمَنُوا
قَوْمَهُمْ كُلَّمَا رُدُّوا إِلَى الْفِتْنَةِ أُرْكِسُوا فِيهَا فَإِنْ لَمْ
يَعْتَزِلُوكُمْ وَيُلْقُوا إِلَيْكُمُ السَّلَمَ وَيَكُفُّوا أَيْدِيَهُمْ

227). Sekawit wonten tiyang-tiyang Arab sami mlebet Madinah lan ngrasuk Islam, lajeng sami wangsul kafir lan medal saking Madinah, sarta mengsahi tiyang Islam, ngantos peperangan, pramila Allah s.w.t. nurunaken ayat punika, supados tiyang munafik wau dipun perangi (katawan utawi dipun pejahi). Dados boten kenging tiyang Munafik dipun belani utawi dipun ajak memitran.

228). Punika wiwitanipun wonten hukum suaka ing Islam, inggih pangayoman politik utawi kawilujengan pribadi dening Pamarintah.

manawa dheweke ora padha gelem sumingkir saka ing sira, sarta ora padha gelem bedhami ing sira, apa dene ora gelem nyegah tangane, mangka wong-wong mau padha tawanen, lan padha patenana ana ing ngendi bahe sira padha kepethuk ing dheweke, jalaran wong kang mangkono iku Ingsun andamel ing sira kabeh panguwasa kang terang ing ngatase dheweke.

فَخُذُوْهُمْ وَاقْتُلُوْهُمْ حَيْثُ ثَقِفْتُمُوْهُمْ وَاُولٰٓئِكُمْ
جَعَلْنَا لَكُمْ عَلَيْهِمْ سُلْطٰنًا مُّبِيْنًا ۝

Satajiduuna aakhariina yuriiduuna ayya'manuukum wa ya'manuu qaumahum, kullamaa rudduu ilal fitnati urkisuu fiihaa fa-illam ya'taziluukum wa yulquu ilaikumus salama wa yakuffuu aidiyahum fakhudzuuhum waqtuluuhum haitsu tsaqiftumuuhum, wa ulaa-ikum ja'alnaa lakum 'alaihim sulthaanam mubiinaa

Hukum mrajaya Muslimin

92. Lan ora kena wong Mu'min mrajaya wong Mu'min liyane, kajaba kalawan ora disengaja.[229] Sing sapa mateni wong Mu'min kalawan ora disengaja, dheweke wajib mardikakake kawula Mu'min siji, lan kudu ambayar dhendhan[230] kang dipasrahake marang ahli warise kang dipateni ora sengaja. Kajaba manawa ahli warise wus anglilakake.[231] Ananging manawa kang mati iku sawenehe mungsuhira, mangka dheweke iku wong Mu'min, wajib tumrap wong kang mateni ora kalawan disengaja iku, mardikakake kawula Mu'min siji. Lan manawa kang dipateni iku sawenehe wong kafir kang wus padha perjanjian kalawan sira, mangka wajib tumrap wong kang mateni ora kalawan disengaja iku, ambayar dhendhan kang dipasrahake marang ahli warise, sarta mardikakake kawula Mu'min siji. Ananging mungguhing sapa kang ora bisa oleh kawula Mu'min siji,[232] dheweke wajib Puwasa rong sasi lawase tumruntun, minangka tobat ana ngarsaning Allah, jalaran Allah iku Maha Wikan sarta Maha Wicaksana.

٩٢. وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ اَنْ يَّقْتُلَ مُؤْمِنًا اِلَّا خَطَـًٔا ۚ وَمَنْ
قَتَلَ مُؤْمِنًا خَطَـًٔا فَتَحْرِيْرُ رَقَبَةٍ مُّؤْمِنَةٍ وَّدِيَةٌ
مُّسَلَّمَةٌ اِلٰٓى اَهْلِهٖٓ اِلَّآ اَنْ يَّصَّدَّقُوْا ۚ فَاِنْ كَانَ مِنْ
قَوْمٍ عَدُوٍّ لَّكُمْ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَتَحْرِيْرُ رَقَبَةٍ مُّؤْمِنَةٍ ۗ
وَاِنْ كَانَ مِنْ قَوْمٍ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ مِّيْثَاقٌ فَدِيَةٌ
مُّسَلَّمَةٌ اِلٰٓى اَهْلِهٖ وَتَحْرِيْرُ رَقَبَةٍ مُّؤْمِنَةٍ ۖ فَمَنْ
لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ شَهْرَيْنِ مُتَتَابِعَيْنِ تَوْبَةً مِّنَ
اللّٰهِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ۝

Wamaa kaana limu'minin ay yaqtula mu'minan illaa khatha-aa, waman qatala mu'minan khatha-an fatahriiru raqabatim mu'minatiw wadiyatum musallamatun ilaa ahlihii illaa ay yashshaddaquu, fa-in kaana min qaumin 'aduwwil lakum wahuwa mu'minun fatahriiru raqabatim mu'minah, wa in kaana min qaumim bainakum wa bainahum miitsaaqun fadiyatum musallamatun ilaa ahlihii wa tahriiru raqabatim mu'minah, famal lam yajid fashiyaamu syahraini mutataabi'aini taubatam minallaah, wa kaanallaahu 'aliiman hakiimaa.

93. Lan sapa bahe kang mrajaya wong Mu'min kalawan disengaja, mangka piwalese wong iku Neraka Jahanam kang langgeng ana

٩٣. وَمَنْ يَّقْتُلْ مُؤْمِنًا مُّتَعَمِّدًا فَجَزَآؤُهٗ جَهَنَّمُ خٰلِدًا
فِيْهَا وَغَضِبَ اللّٰهُ عَلَيْهِ وَلَعَنَهٗ وَاَعَدَّ لَهٗ عَذَابًا

229). Upami nyenjata peksi kenging tiyang Mukmin.

230). Bayar diyat, inggih punika bayar dhendhan arta sebab tindak pidana tumrap mejahi nyawa utawi anggota badan.

231). Anglilakaken utawi shadaqah, tegesipun ahli waris tiyang ingkang dipun pejahi ambebasaken ingkang mejahi boten bayar diyat.

232). Boten gadhah utawi boten kiyat merdikakaken kawula Mukmin, cekap siyam kalih wulan terus-terusan. Punika dados gantosipun bayar diyat lan merdikakaken kawula Mukmin satunggal.

ing kono, lan Allah ambendoni sarta paring la'nat marang dheweke, apa dene Panjenengane nyawisi kanggo dheweke, siksa kang gedhe.

عَظِيمًا ٥

Wamay yaqtul mu'minam muta'ammidan fajazaa-uhuu jahannamu khaalidan fiihaa wa ghadhiballaahu 'alaihi wa la-'anahuu wa a'adda lahuu 'adzaaban 'azhiimaa.

94. He para wong Mu'min kabeh, nalika sira padha ana madyaning palagan kang angrungkebi dedalaning Allah, supaya sira padha goleka katerangan, lan sira aja padha angucap marang wong kang nguluki salam [233] marang sira: "Kowe kuwi dudu wong Mu'min", nuli sira mateni dheweke mung jalaran sira mung padha amrih bandha donya, ing mangka ana ngarsaning Allah iku pirang-pirang jarahan bandha-bandhu kang akeh. Mangkono iku lalakonira dhuk biyen [234] tumuli Allah paring kanugerahan marang sira kabeh, mulane sira padha angudiya katerangan (informasi intel) sing pratela, jalaran sanyata Allah iku kang Maha Waspada ing kabeh barang kang padha sira tindakake.

٩٤- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا ضَرَبْتُمْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ فَتَبَيَّنُوا۟ وَلَا تَقُولُوا۟ لِمَنْ أَلْقَىٰٓ إِلَيْكُمُ ٱلسَّلَٰمَ لَسْتَ مُؤْمِنًا ۚ تَبْتَغُونَ عَرَضَ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا فَعِندَ ٱللَّهِ مَغَانِمُ كَثِيرَةٌ ۚ كَذَٰلِكَ كُنتُم مِّن قَبْلُ فَمَنَّ ٱللَّهُ عَلَيْكُمْ فَتَبَيَّنُوٓا۟ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا ٥

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa dharabtum fii sabiilillaahi fatabayyanuu walaa taquuluu liman alqaa ilaikumussalaama lasta mu'minan tabtaghuuna 'ara dhal hayaatid dun-yaa fa 'indallaahi maghaanimu katsiirah, kadzaalika kuntum min qablu famannallaahu 'alaikum fatabayyanuu, innallaaha kaana bimaa ta'maluuna khabiiraa.

95. Wong-wong kang mung padha lungguh, ora padha melu perang bebarengan wong Mu'min kang ora ana alangan nandhang lara iku ora padha karo wong-wong Mu'min kang perang angrungkebi Agamaning Allah kalawan jiwa-raga lan bandhane, Allah angutamakake drajating wong Mu'min kang padha lelabuh jiwa-raga lan bandhane iku pangkate luwih dhuwur tinimbang wong Mu'min kang mung padha lungguh ora melu perang. [235] Kabeh mau Allah ngebang-ebang ganjaran, ananging Allah paring kaluwihan ganjaran marang wong kang padha lelabuh Agama, ngungkuli wong Mu'min kang mung padha lungguh, [236] kalawan ganjaran kang agung.

٩٥- لَّا يَسْتَوِى ٱلْقَٰعِدُونَ مِنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ غَيْرُ أُو۟لِى ٱلضَّرَرِ وَٱلْمُجَٰهِدُونَ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ بِأَمْوَٰلِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ ۚ فَضَّلَ ٱللَّهُ ٱلْمُجَٰهِدِينَ بِأَمْوَٰلِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ عَلَى ٱلْقَٰعِدِينَ دَرَجَةً ۚ وَكُلًّا وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلْحُسْنَىٰ ۚ وَفَضَّلَ ٱللَّهُ ٱلْمُجَٰهِدِينَ عَلَى ٱلْقَٰعِدِينَ أَجْرًا عَظِيمًا ٥

Laa yastawil qaa'iduuna minal mu'miina ghairu ulidhdharari wal mujaahiduuna fii sabiilillaahi bi-amwaalihim wa anfusihim, fadhdhalallaahul mujaahidiina bi-amwaalihim wa anfusihim 'alal qaa'idiina darajah, wakullaw wa'adallaahul husnaa, wa fadhdhalallaahul mujaahidiina 'alal qaa'idiina ajran 'azhiimaa.

96. Yaiku diparingi pirang-pirang pangkat saka ngarsaning Allah, lan diparingi panga-

٩٦- دَرَجَٰتٍ مِّنْهُ وَمَغْفِرَةً وَرَحْمَةً ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورًا

233). Maksudipun ugi tiyang ngucapaken: "Laa ilaaha illallah".

234). Tiyang-tiyang wau dereng cetha gamblang Islamipun, sami kaliyan panjenengan sadaya rumiyin ugi makaten, pramila kedah ingkang teliti sarana informasi intel ingkang waspada!

235). Lungguh tegesipun uzur boten saged tumut perang.

236). Tegesipun boten tumut perang tanpa alasan.

pura sarta sih karakhmataning Allah, dene Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

ع ١٣ رَحِيمًا ٥

Darajaatim minhu wa maghfirataw wa rahmah, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

Kuwajiban Hijrah

97. Sanyata wong-wong kang padha dipateni dening Malaikat-pati, jalaran anggone ora melu Hijrah iku tetep dadi wong kang padha anganiaya marang awake dhewe, 237) pangandikane Malaikat-pati: "Sira kabeh iku lagi ana sajerone kahanan sing kapriye?". Jawabe wong-wong mau: "Kita punika tiyang ingkang sami dipun aniaya wonten Mekkah". Dhawuhing para Malaikat: "Bumining Allah iku harak jembar ta, kang ing kono sira bisa hijrah?". Mangka wong kang mangkono mau panggonaning siksane ana ing Neraka Jahanam, yaiku ala-alaning panggonan.

٩٧- إِنَّ الَّذِينَ تَوَفَّاهُمُ الْمَلَٰٓئِكَةُ ظَالِمِيٓ أَنفُسِهِمْ قَالُوا فِيمَ كُنتُمْ ۖ قَالُوا كُنَّا مُسْتَضْعَفِينَ فِي الْأَرْضِ ۚ قَالُوٓا أَلَمْ تَكُنْ أَرْضُ اللَّهِ وَٰسِعَةً فَتُهَاجِرُوا فِيهَا ۚ فَأُولَٰٓئِكَ مَأْوَاهُمْ جَهَنَّمُ ۖ وَسَآءَتْ مَصِيرًا ٥

Innal ladziina tawaffaahumul malaa-ikatu zhaalimii anfusihim qaaluu fiima kuntum, qaaluu kunnaa mustadh'afiina fil ardh, qaaluu alam takun ardhullaahi waasi'atan fatuhaajiruu fiihaa, fa-ulaa-ika ma'waahum jahannam, wa saa-at mashiiraa.

98. Kajaba wong-wong lanang, lan wong-wong wadon sarta bocah-bocah kang padha ditindhes, kang ora bisa golek reka-daya, lan ora ngerti dalane hijrah metu saka Mekkah.

٩٨- إِلَّا الْمُسْتَضْعَفِينَ مِنَ الرِّجَالِ وَالنِّسَآءِ وَالْوِلْدَٰنِ لَا يَسْتَطِيعُونَ حِيلَةً وَلَا يَهْتَدُونَ سَبِيلًا ٥

Illal mustadh'afiina minarrijaali wan nisaa-i wal wildaani laa yastathii'uuna hiilataw walaa yahtaduuna sabiilaa.

99. Wong-wong kang kaya mangkono iku, muga-muga Allah karsa paring pangapura kagawa saka apese wong-wong mau, awit Allah iku gedhe panuwunge sarta Maha Ngapura.

٩٩- فَأُولَٰٓئِكَ عَسَى اللَّهُ أَن يَعْفُوَ عَنْهُمْ ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَفُوًّا غَفُورًا ٥

Fa-ulaa-ika 'asallaahu ay ya'fuwa 'anhum wa kaanallaahu 'afuwwan ghafuuraa.

100. Lan sapa bahe sing hijrah muhung karana angluhurake asmaning Allah, sanyata dheweke nemu karaharjan ing Bumi iki dadi panggonan kang ayom tur sarwa mayar sarta gangsar pangupa-jiwane, lan sapa sing metu saka omahe niyat hijrah karana marang Allah lan UtusanNe, nuli nemahi ing pati, sanyata Allah amajibake sariraNe pribadi maringi ganjaraning hijrah marang wong mau. Dene Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٠٠- وَمَن يُهَاجِرْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ يَجِدْ فِي الْأَرْضِ مُرَٰغَمًا كَثِيرًا وَسَعَةً ۚ وَمَن يَخْرُجْ مِنۢ بَيْتِهِۦ مُهَاجِرًا إِلَى اللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ثُمَّ يُدْرِكْهُ الْمَوْتُ فَقَدْ وَقَعَ أَجْرُهُۥ عَلَى اللَّهِ ۗ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَّحِيمًا ٥ ع ١٤

Wamay yuhaajir fii sabiilillaahi yajid fil ardhi muraaghaman katsiiraw wasa'ah, wamay yakhruj mim baitihii muhaajiran ilallaahi wa rasaluulihii tsumma yudrikhul mautu faqad waqa'a ajruhuu 'alallaah, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

237). Maksudipun nganiaya awakipun piyambak punika boten purun tumut hijrah ndherekaken Nabi s.a.w. dhateng Madinah. Ing wusana malah dipun peksa tiyang Kafir Mekkah tumut perang Badar, wonten ingkang dumugining pejah.

Wajib sholat senajan ana ing kahanan kang rupek.

101. Lan manawa sira pinuju lelungan ing Bumi, mangka ora dosa tumrap sira: ngringkes sholat, 238) yen sira kuwatir mbok manawa wong kafir munasika ing sira, jalaran sanyata wong-wong kafir iku dadi mungsuh kang cetha tumrap sira.

١٠١. وَإِذَا ضَرَبْتُمْ فِي الْأَرْضِ فَلَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَنْ
تَقْصُرُوا مِنَ الصَّلَوٰةِ إِنْ خِفْتُمْ أَنْ يَفْتِنَكُمُ
الَّذِينَ كَفَرُوا إِنَّ الْكَافِرِينَ كَانُوا لَكُمْ عَدُوًّا مُبِينًا ٥

Wa idzaa dharabtum fil ardhi falaisa 'alaikum junaahun an taqshuruu minash-shalaati in khiftum ay yaltinakumul ladziina kafaruu, innal kaafiriina kaanuu lakum 'aduwwam mubiinaa.

102. Lan manawa sira Muhammad ana madyaning para sakabat lan sira ambangun jama'ah sholat bebarengan, yaiku sholat Khauf, mangka saperangan saka sira kabeh supaya ngadeg sholat kalawan sira Muhammad, lan supaya tetep asikep gegamane dhewe-dhewe. Tumuli manawa dheweke padha sujud, bareng lan sira, 239) mangka supaya wong kang ora melu sholat iku anjaga-ngawal ing mburine golongan kang pinuju sujud, nuli supaya teka-maju golongan kang durung sholat sarta supaya dheweke padha sholat bareng lan sira, 240) sarta supaya den prayitna lan tetep asikep gegamane dhewe-dhewe. Wong-wong kang padha kafir iku seneng manawa sira padha lena saka gegamanira lan abrak-pirantinira ana ing sajeroning sholat, nuli dheweke nglimpe bisa numpes sepisan rampung ing sira kabeh. Ananging ora dadi apa tumrap sira, manawa sira pinuju ana alangan, kaya dene alangan udan, utawa jalaran lara anyelehake gegamanira, nanging sira den prayitna. Sanyata Allah wus nyawisake Siksa kang ina tumraping wong kafir iku. 241)

١٠٢. وَإِذَا كُنْتَ فِيهِمْ فَأَقَمْتَ لَهُمُ الصَّلَوٰةَ فَلْتَقُمْ طَائِفَةٌ
مِنْهُمْ مَعَكَ وَلْيَأْخُذُوا أَسْلِحَتَهُمْ فَإِذَا سَجَدُوا
فَلْيَكُونُوا مِنْ وَرَائِكُمْ وَلْتَأْتِ طَائِفَةٌ أُخْرَىٰ لَمْ
يُصَلُّوا فَلْيُصَلُّوا مَعَكَ وَلْيَأْخُذُوا حِذْرَهُمْ وَأَسْلِحَتَهُمْ
وَدَّ الَّذِينَ كَفَرُوا لَوْ تَغْفُلُونَ عَنْ أَسْلِحَتِكُمْ وَأَمْتِعَتِكُمْ
فَيَمِيلُونَ عَلَيْكُمْ مَيْلَةً وَاحِدَةً وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ
إِنْ كَانَ بِكُمْ أَذًى مِنْ مَطَرٍ أَوْ كُنْتُمْ مَرْضَىٰ أَنْ تَضَعُوا
أَسْلِحَتَكُمْ وَخُذُوا حِذْرَكُمْ إِنَّ اللَّهَ أَعَدَّ لِلْكَافِرِينَ
عَذَابًا مُهِينًا ٥

Wa idzaa kunta fiihim fa-aqamta lahumush shalaata faltaqum thaa-ifatum minhum ma'aka walya'khudzuu aslihatahum fa idzaa sajaduu falyakuunuu miw waraa-ikum walta't thaa-ifatun ukhraa lam yushalluu fal yushalluu ma'aka walya'khudzuu hidzrahum wa aslihatahum waddal ladziina kafaruu lau taghfuluuna

238). Ngringkes sholat utawi **sholat-qashar**, punika saking 4 raka'at kenging lan cekap katindakaken 2 raka'at; saweneh Ahli Tafsir nerangaken kenging ngringkes ugi rukun-rukunipun sebab kawontenan karepotan sanget.

239). Jumhur Mufassirin anerangaken, manawi sampun rampung satunggal raka'at, lajeng ngrampungaken piyambak sareka'at malih, Nabi s.a.w. lenggah nengga golongan makmum sanesipun.

240). Golongan sanes ingkang siap siaga dereng makmum wau lajeng dhateng ing wingkingipun Imam, sasarengan sareka'at, Imam rampung kalih reka'at, makmum ngrampungaken piyambak kalih reka'at. Dene ingkang siap siaga njagi keamanan golongan makmum ingkang sampun sholat.

241). **Makaten sholat khauf** katindakaken kados kasebat nginggil, dene manawi situasi boten ngizinaken malih, inggih sasagedipun, sanaosa maos tasbih kemawon. Samanten kawigatosanipun sholat, kontak langsung antawisipun kawula lan Allah s.w.t. punika ngiyataken mental berjoang lan tresna mitra saperjoangan. Dados pembangun mental Agama wonten ing organisasi Angkatan Bersenjata punika mutlak penting.

an aslihatikum wa amti'atikum fayamiiluuna 'alaikum mailataw waahidah, wa laa junaaha 'alaikum in kaana bikum adzam mim matharin au kuntum mardhaa an tadha'uu aslihatakum wa khudzuu hidzrakum, innallaaha a'adda lil kaafiriina 'adzaabam muhiinaa.

103. Manawa sira wus padha rampung sholat, nuli padha elinga ing Allah, kalawan ngadeg lan lungguh sarta teturon miring. Ing mangka manawa sira wus padha tentrem kahanane, supaya sira nindakake sholat kaya adate, jalaran sholat iku tumraping wong Mu'min dadi kuwajiban kang katamtokake wayahe.*)

١٠٣- فَإِذَا قَضَيْتُمُ الصَّلٰوةَ فَاذْكُرُوا اللّٰهَ قِيٰمًا وَّقُعُودًا وَّعَلٰى
جُنُوبِكُمْ ۚ فَإِذَا اطْمَأْنَنْتُمْ فَأَقِيمُوا الصَّلٰوةَ ۚ إِنَّ
الصَّلٰوةَ كَانَتْ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ كِتٰبًا مَّوْقُوتًا ۝

Fa idzaa qadhaitumush shalaata fadzkurullaaha qiyaamaw wa qu'uudaw wa 'alaa junuubikum, fa idzathma'nantum fa aqiimush shalaah, innash shalaata kaanat 'alal mu'miniina kitaabam mauquutaa.

104. Lan sira aja padha miris anggonira nguber-uber kaum iku, dene manawa sira padha kelaran, sanyata dheweke uga kelaran kaya anggonira kelaran, malah sira isih padha ngarep-arep ganjaran saka ngarsaning Allah kang ora diarep-arep dening golongan kafir iku. Lan Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.

١٠٤- وَلَا تَهِنُوا فِي ابْتِغَاءِ الْقَوْمِ ۖ إِنْ تَكُونُوا تَأْلَمُونَ
فَإِنَّهُمْ يَأْلَمُونَ كَمَا تَأْلَمُونَ ۖ وَتَرْجُونَ مِنَ اللّٰهِ مَا
لَا يَرْجُونَ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ۝ ١٥ ع ١٢

Walaa tahinuu fibtighaa-il qaum, in takuunuu ta'lamuuna fa-innahum ya'lamuuna kamaa ta'lamuun, wa tarjuuna minallaahi maa laa yarjuun, wa kaanallaahu 'aliiman hakiimaa.

Pimpinan wajib tumindak adil lan bener.

105. Sanyata Ingsun wus nurunake marang sira Muhammad sawijining Kitab kang ngemot barang bener, supaya sira ngukumi kalawan Kitab iki ana ing antarane para manungsa kalawan sesurupan kang Allah wus mulang ing sira, lan sira aja pisan-pisan ngrewangi wong kang padha khiyanat. 242)

١٠٥- إِنَّا أَنْزَلْنَا إِلَيْكَ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ لِتَحْكُمَ بَيْنَ النَّاسِ
بِمَا أَرٰىكَ اللّٰهُ ۚ وَلَا تَكُنْ لِّلْخَائِنِينَ خَصِيمًا ۝

Innaa anzalnaa ilaikal kitaaba bil haqqi litahkuma bainan naasi bimaa araakallaah, walaa takul lilkhaa-iniina khashiimaa.

106. Lan sira padha nyuwuna pangapura marang Allah, sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٠٦- وَاسْتَغْفِرِ اللّٰهَ ۚ إِنَّ اللّٰهَ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ۝

Wastaghfirillaah, innallaaha kaana ghafuurar rahiimaa.

107. Lan sira aja padha ngrewangi perkarane wong-wong kang padha nyidrani marang

١٠٧- وَلَا تُجَادِلْ عَنِ الَّذِينَ يَخْتَانُونَ أَنْفُسَهُمْ ۚ إِنَّ اللّٰهَ

242). Asal usuling ayat punika wonten pendakwa saking Thu'mah lan kerabatipun dhumateng Nabi s.a.w. supados ngukum tiyang Yahudi, mangka estunipun Thu'mah punika ingkang slingkuh, mendhet barang milikipun tiyang Yahudi wau, meh-meh kemawon Nabi ngleresaken pandakwanipun Thu'mah.

*). Bab Shalat gangsal wekdal, mirsanana ing "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

awake dhewe, jalaran sanyatane Allah iku ora remen marang wong-wong kang gawene tansah padha cidra tur laku dosa.

لَا يُحِبُّ مَنْ كَانَ خَوَّانًا أَثِيمًا ۝

Walaa tujaadil 'anilladziina yakhtaanuuna anfusahum, innallaaha laa yuhibbu man kaana khawwaanan atsiimaa.

108. Dheweke padha ndheliki manungsa, ananging ora padha bisa ndheliki marang Allah, mangka Allah iku nartani wong-wong mau nalikane dheweke padha ambatin pangucap kang ora dadi rilaning Pangeran, dene Allah iku tansah Anglimputi ing kabeh kahanan kang padha dilakoni dening wong-wong mau.

١٠٨- يَسْتَخْفُونَ مِنَ النَّاسِ وَلَا يَسْتَخْفُونَ مِنَ اللَّهِ وَهُوَ مَعَهُمْ إِذْ يُبَيِّتُونَ مَا لَا يَرْضَىٰ مِنَ الْقَوْلِ ۚ وَكَانَ اللَّهُ بِمَا يَعْمَلُونَ مُحِيطًا ۝

Yastakhfuuna minan naasi walaa yastakhfuuna minallaahi wa huwa ma'ahum idz yubayyituuna maa laa yardhaa minal qaul, wa kaanallaahu bimaa ya'maluuna muhiithaa.

109. Sira padha elinga, yagene teka sira padha ngrewangi wong-wong kang padha laku cidra ana ing panguripan Donya iki? Ing mangka sapa kang bisa ngrewangi wong-wong kang padha cidra marang Allah ing besuk dina Qiyamat? Utawa sapa kang bakal gelem dadi wakile wong-wong mau, anggenteni tampa siksaning Allah?

١٠٩- هَا أَنْتُمْ هَٰؤُلَاءِ جَادَلْتُمْ عَنْهُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا فَمَنْ يُجَادِلُ اللَّهَ عَنْهُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ أَمْ مَنْ يَكُونُ عَلَيْهِمْ وَكِيلًا ۝

Haa antum haa-ulaa-i jaadaltum 'anhum fil hayaatid dun-yaa, famay yujaadilullaaha 'anhum yaumal qiyaamati am may yakuunu 'alaihim wakiilaa.

110. Lan sing sapa nindakake laku ala, utawa nganiaya marang awake dhewe, nuli dheweke enggal nyuwun ngapura ing Allah, satemene dheweke nemu ing Allah, Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١١٠- وَمَنْ يَعْمَلْ سُوءًا أَوْ يَظْلِمْ نَفْسَهُ ثُمَّ يَسْتَغْفِرِ اللَّهَ يَجِدِ اللَّهَ غَفُورًا رَحِيمًا ۝

Wa may ya'mal suu-an au yazhlim nafsahuu tsumma yastaghfirillaaha yajidillaaha ghafuurar rahiimaa.

111. Lan sing sapa nindakake laku dosa, satemene cilaka saka anggone nindakake laku dosa iku mung tumrap marang awake dhewe, lan Allah iku kang Maha Uninga sarta Maha Wicaksana.

١١١- وَمَنْ يَكْسِبْ إِثْمًا فَإِنَّمَا يَكْسِبُهُ عَلَىٰ نَفْسِهِ ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ۝

Wamay yaksib itsman fa innamaa yaksibuhuu 'alaa nafsih, wa kaanallaahu 'aliiman hakiimaa.

112. Lan sing sapa nindakake laku salah utawa dosa, nuli dheweke angipatake tindake, malah dheweke angleletake dosa mau marang sawijining wong kang resik, temen wong iku tetep kang mikul gegorohan lan dosa kang gedhe temenan.

١١٢- وَمَنْ يَكْسِبْ خَطِيئَةً أَوْ إِثْمًا ثُمَّ يَرْمِ بِهِ بَرِيئًا فَقَدِ احْتَمَلَ بُهْتَانًا وَإِثْمًا مُبِينًا ۝

Wamay yaksib khathii-atan au itsman tsumma yarmi bihii barii-an faqadihtamala buhtaanaw wa itsman mubiinaa.

113. Lan saupama ora ana kanugerahan lan rahmating Allah marang sira Muhammad, yekti saperangan saka wong-wong mau duwe seja anyasarake ing sira, ing mangka dheweke ora padha nyasarake ing sira, kajaba mung marang awake dhewe, lan dheweke ora bisa agawe wisuna (wadulàn) marang sira sathithik-thithika. Lan Allah wus nurunake Kitab lan kawicaksanan marang sira, lan Panjenengane wus mulang ing sira, barang kang sira durung mangerti. Dene kanugerahaning Allah kang kaparingake marang sira iku banget Agunge.

١١٣- وَلَوْلَا فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكَ وَرَحْمَتُهٗ لَهَمَّتْ طَّآئِفَةٌ مِّنْهُمْ اَنْ يُّضِلُّوْكَ ۗ وَمَا يُضِلُّوْنَ اِلَّآ اَنْفُسَهُمْ وَمَا يَضُرُّوْنَكَ مِنْ شَيْءٍ ۗ وَاَنْزَلَ اللّٰهُ عَلَيْكَ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ وَعَلَّمَكَ مَا لَمْ تَكُنْ تَعْلَمُ ۗ وَكَانَ فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكَ عَظِيْمًا ۝

Wa laulaa fadhlullaahi 'alaika wa rahmatuhuu lahammath thaa-ifatum minhum ay yudhilluuk, wamaa yudhilluuna illaa anfusahum wamaa yadhurruunaka min syai', wa anzalallaahu 'alaikal kitaaba w wal hikmata wa 'allamaka maa lam takun ta'lam, wakaana fadhlullaahi 'alaika 'azhiimaa.

114. Wong-wong kang padha kakehan gunem iku ora ana kabecikane, kajaba wong-wong kang prentah kalawan sedhekah utawa prentah nindakake laku becik sarta ngrukunake ing antarane manungsa, dene sing sapa tumindak mangkono karana ngupaya karidlaning Allah, mangka Ingsun kang bakal maringi ganjaran kang Agung marang wong mau.

١١٤- لَا خَيْرَ فِيْ كَثِيْرٍ مِّنْ نَّجْوٰىهُمْ اِلَّا مَنْ اَمَرَ بِصَدَقَةٍ اَوْ مَعْرُوْفٍ اَوْ اِصْلَاحٍ بَيْنَ النَّاسِ ۗ وَمَنْ يَّفْعَلْ ذٰلِكَ ابْتِغَآءَ مَرْضَاتِ اللّٰهِ فَسَوْفَ نُؤْتِيْهِ اَجْرًا عَظِيْمًا ۝

Laa khaira fii katsiirim min najwaahum illaa man amara bishadaqatin au ma'-ruufin au ishlaahim bainan naas, wamay yaf'al dzaalikab-tighaa-a mardhaatillaahi fasaufa nu'tiihi ajran 'azhiimaa.

115. Lan sapa kang anyulayani UtusanNe Allah sawuse terang dheweke entuk pituduh, lan melu anut-grubyuk dudu dedalane wong-wong Mu'min. Yekti Ingsun angengokake wong iku ing barang kang diadhepake, sarta dheweke Ingsun lebokake ana ing Neraka Jahanam, yaiku ala-alaning panggonan.

١١٥- وَمَنْ يُّشَاقِقِ الرَّسُوْلَ مِنْ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُ الْهُدٰى وَيَتَّبِعْ غَيْرَ سَبِيْلِ الْمُؤْمِنِيْنَ نُوَلِّهٖ مَا تَوَلّٰى وَنُصْلِهٖ جَهَنَّمَ ۗ وَسَآءَتْ مَصِيْرًا ۝ ع ١٥

Wamay yusyaaqiqir rasuula mim ba'di maa tabayyana lahul hudaa wa yattabi' ghaira sabiilil mu'miniina nuwallihii maa tawallaa wa nushlihii jahannam, wa saa-at mashiiraa.

Kakisruhan sebab dening musyrik lan godhaning syetan.

116. Sanyata Allah iku ora karsa paring pangapura manawa Panjenengane nganti disekuthokake, laku musyrik, nanging Panjenengane ngapura dosa kang saliyane musyrik marang wong kang dadi kaparenging karsaNe.

١١٦- اِنَّ اللّٰهَ لَا يَغْفِرُ اَنْ يُّشْرَكَ بِهٖ وَيَغْفِرُ مَا دُوْنَ ذٰلِكَ لِمَنْ يَّشَآءُ ۗ وَمَنْ يُّشْرِكْ بِاللّٰهِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلٰلًا بَعِيْدًا ۝

Dene sing sapa nyakuthokake ing Allah, mangka temen dheweke iku wus kasasar, kang adoh temenan sasare.

Innallaaha laa yaghfiru ay yusyraka bihii wa yaghfiru maa duuna dzaalika limay yasyaa', wa may yusyrik billaahi faqad dhalla dhalaalam ba'iidaa.

117. Wong-wong musyrik iku ora padha nyenyuwun saliyane Allah, kajaba mung nembah brahala kang diarani Inatsa,[243] lan dheweke ora padha nenuwun kajaba mung marang syetan kang tansah gawe duraka.

١١٧ - إِنْ يَّدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِهٖٓ إِلَّآ إِنٰثًا ۚ وَإِنْ يَّدْعُوْنَ إِلَّا شَيْطٰنًا مَّرِيْدًا ۝

Iy yad'uuna min duunihii illaa inaatsaw wa iy yad'uuna illaa syaithaanam mariidaa.

118. Allah wus matrapake la'nat marang syetan, lan dheweke munjuk atur ing Allah: "Sayektos kula badhe mendhet saking kawula Paduka minangka panduman kula ingkang ngabekti sarta tundhuk dhumateng kula".[244]

١١٨ - لَّعَنَهُ اللّٰهُ ۘ وَقَالَ لَأَتَّخِذَنَّ مِنْ عِبَادِكَ نَصِيْبًا مَّفْرُوْضًا ۝

La'anahullaah, wa qaala la-attakhidzanna min 'ibaadika nashiibam mafruudhaa.

119. "Lan saestu kula badhe nyasaraken dhumateng piyambakipun, tuwin badhe angojok-ojoki piyambakipun supados samiya anggadhahi gagasan ingkang ngoyo-woro (fantamorgana) tur muspra, sarta estu kula prentah dhumateng piyambakipun supados sami nyigar kuping raja-kayanipun,[245] punapa dene kula badhe mrentah dhumateng piyambakipun supados ngewahi titahing Allah".[246] Lan sapa kang nganggep syetan dadi pangayoman saliyaning Allah, sanyata dheweke iku wus kapitunan, kang cetha tenan kapitunan.

١١٩ - وَّلَأُضِلَّنَّهُمْ وَلَأُمَنِّيَنَّهُمْ وَلَآمُرَنَّهُمْ فَلَيُبَتِّكُنَّ اٰذَانَ الْأَنْعَامِ وَلَآمُرَنَّهُمْ فَلَيُغَيِّرُنَّ خَلْقَ اللّٰهِ ۚ وَمَنْ يَّتَّخِذِ الشَّيْطٰنَ وَلِيًّا مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ فَقَدْ خَسِرَ خُسْرَانًا مُّبِيْنًا ۝

Wa la-udhilannahum wa la-umanniyannahum wa la-aamurannahum falayubattikunna aadzaanal an'aami wa la-aamurannahum falayughayyirunna khalqallaah, wamay yattakhidzisy syaithaana wa liyyam min duunillaahi faqad khasira khusraanam mubiinaa.

120. Syetan iku anjanji marang wong-wong mau, lan menehi gagasan kang tanpa guna marang dheweke, ananging janjine syetan iku ora ana sing nyata, destun mung ngapusi blaka.

١٢٠ - يَعِدُهُمْ وَيُمَنِّيْهِمْ ۚ وَمَا يَعِدُهُمُ الشَّيْطٰنُ إِلَّا غُرُوْرًا ۝

Ya'iduhum wa yumanniihim, wamaa ya'iduhumusy syaithaanu illaa ghuruuraa.

121. Wong kang mangkono iku panggonane ana ing Naraka Jahanam, lan dheweke ora

١٢١ - أُولٰٓئِكَ مَأْوٰىهُمْ جَهَنَّمُ ۖ وَلَا يَجِدُوْنَ عَنْهَا

---

243). "Inaastan" asaling tetembungan "unsta" tegesipun wanita, panci dados kebiasaan mythos jaman Arab Jahiliyah nami brahala punika nami wanita, kadosta al Manah, al Uzza, al Laata; utawi inaastan ateges barang pejah.

244). Manungsa punika wonten ingkang kacondhongan dhateng sae utawi awon, pramila syetan tansah badhe anggodha manungsa supados condhong lampah awon, tambah cilaka malih ingkang tumindak awon punika rumaosipun gagah lan kajen keringan sebab artanipun kathah!

245). Kapitadosan Arab Jahiliyah kewan ingkang kangge sesaji ing brahala punika dipun sigar kupingipun, sarta dipun umbar boten kenging kangge merdamel.

246). Ngewahi titahing Allah upami anggebiri kewan, operasi kelamin, lan sajenisipun ing zaman tehnologi modern. Saweneh ahli Tafsir ngendikakaken maksudipun ngewahi Agamaning Allah.

bakal padha bisa nemu pangungsen saka Naraka iku.

مَحِيصًا ٥

Ulaa-ika ma'waahum jahannamu walaa yajiduuna 'anhaa mahiishaa.

122. Ana dene wong-wong kang padha Mu'min sarta padha amal shaleh, Ingsun bakal anglebokake dheweke ana ing Suwarga kang sangisore ana kaline mili, ana ing kono dheweke bakal langgeng salawase, janjining Allah iku mesthi nyata temenan. Lan sapa ta wong kang pangucape luwih temen, kang ngungkuli pangandikaning Allah?

١٢٢- وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ سَنُدْخِلُهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا أَبَدًا ۖ وَعْدَ اللَّهِ حَقًّا ۚ وَمَنْ أَصْدَقُ مِنَ اللَّهِ قِيلًا ٥

Walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati sanudkhiluhum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa abadaa, wa'dallaahi haqqaa, waman ashdaqu minallaahi qiilaa.

Piwales iku miturut fakta, ora miturut angen-angen

123. Perkara tumibaning ganjaran iku ora kaya gagasanira,[247] lan uga ora kaya gagasane wong ahli Kitab, ananging sapa kang tumindak ala, dheweke bakal diwales kalawan ala, sarta dheweke ora bakal bisa oleh pangayoman sarta pitulungan saliyaning Allah.

١٢٣- لَيْسَ بِأَمَانِيِّكُمْ وَلَا أَمَانِيِّ أَهْلِ الْكِتَابِ ۗ مَنْ يَعْمَلْ سُوءًا يُجْزَ بِهِ ۙ وَلَا يَجِدْ لَهُ مِنْ دُونِ اللَّهِ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ٥

Laisa bi-amaaniyyikum walaa amaaniyyi ahlil kitaab, may ya'mal suu-ay yujza bihii walaa yajid lahuu min duunillaahi waliyyaw walaa nashiiraa.

124. Lan sapa kang nindakake amal shaleh, priya utawa wanita, anggere dheweke iku Mu'min, wong kang mangkono mau mesthi mlebu ing Suwarga, lan dheweke ora bakal padha dikaniaya sathithik-thithika.

١٢٤- وَمَنْ يَعْمَلْ مِنَ الصَّالِحَاتِ مِنْ ذَكَرٍ أَوْ أُنْثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَأُولَٰئِكَ يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ وَلَا يُظْلَمُونَ نَقِيرًا ٥

Wamay ya'mal minash shaalihaati min dzakarin au untsaa wahuwa mu'minun fa-ulaa-ika yadkhuluunal jannata walaa yuzhlamuuna naqiiraa.

125. Lan sapa ta kang luwih becik Agamane tinimbang karo wong kang padha amasrahake awake marang Allah? Dheweke banjur tansah tumindak becik, sarta ta'at ing Agamane Nabi Ibrahim kang bener? Lan Allah wus mundhut marang Nabi Ibrahim dadi kekasiHe.

١٢٥- وَمَنْ أَحْسَنُ دِينًا مِمَّنْ أَسْلَمَ وَجْهَهُ لِلَّهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ وَاتَّبَعَ مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ حَنِيفًا ۗ وَاتَّخَذَ اللَّهُ إِبْرَاهِيمَ خَلِيلًا ٥

Waman ahsanu diinam mimman aslama wajhahuu lillaahi wa huwa muhsinuw wattaba'a millata ibraahiima haniifaa, mattakhadzallaahu ibraahiima khaliilaa.

247). Maksudipun perkawis ganjaran punika kantun ndherek punapa katamtuaning Allah piyambak, boten kados angen-angenipun tiyang-tiyang ahli Kitab.

126. Samubarang kang ana ing Langit, lan samubarang kang ana ing Bumi kagunganing Allah, lan 'ilmuning Allah iku anglimputi ing sakehe barang.

١٢٦- وَلِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ مُّحِيطًا ۝ ع ١٨ ١٥

Wa lillaahi maa fis samaawaati wa maa fil ardh, wa kaanallaahu bikulli syai-im muhiithaa.

Menehake hak marang wong kang apes, lan cara ngrampungi perkara bale-griya

127. Lan wong-wong mau padha nyuwun katerangan marang sira Muhammad ana ing bab pernatan kang tumrap wanita, dhawuha sira Muhammad: "Allah arsa paring katerangan marang sira kabeh ana ing bab perkaraning wanita, kaya kang kaweca ana ing sajerone iki Kitab Quraan,[248] ana ing perkarane bocah wadon kang yatim, kang sira ora padha gelem menehake marang dheweke apa kang diwajibake tumrap dheweke saka bandha warisane,[249] lan sira malah padha seneng ngrabeni marang bocah-bocah wadon kang yatim mau,[250] mangkono uga ana ing perkarane bocah-bocah kang isih cilik, lan supaya sira padha tumindak adil marang dheweke bocah-bocah yatim, ana dene kabeh kabecikan kang sira tindakake, sanyata Allah iku Maha Ngawuningani.

١٢٧- وَيَسْتَفْتُونَكَ فِي النِّسَآءِ ۖ قُلِ اللّٰهُ يُفْتِيكُمْ فِيهِنَّ وَمَا يُتْلٰى عَلَيْكُمْ فِي الْكِتٰبِ فِي يَتٰمَى النِّسَآءِ الّٰتِي لَا تُؤْتُونَهُنَّ مَا كُتِبَ لَهُنَّ وَتَرْغَبُونَ أَن تَنكِحُوهُنَّ وَالْمُسْتَضْعَفِينَ مِنَ الْوِلْدٰنِ ۙ وَأَن تَقُومُوا لِلْيَتٰمٰى بِالْقِسْطِ ۚ وَمَا تَفْعَلُوا مِنْ خَيْرٍ فَإِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِهِ عَلِيمًا ۝

Wa yastaftuunaka fin nisaa', qulillaahu yuftiikum fiihinna wamaa yutlaa 'alaikum fil kitaabi fii yataaman nisaa-illaatii laa tu'tuunahunna maa kutiba lahunna wa targhabuuna an tankihuu hunna wal mustadh'afiina minal wildaani wa an taquumuu lil yataamaa bil qisth, wamaa taf'aluu min khairin fa-innallaaha kaana bihii 'aliimaa.

128. Manawa ana wong wadon kang nusyuz[251] kuwatir dikebonake dening bojone, utawa disingkur dening bojone, iku ora dosa tumrape wong lanang-wadon sekarone mau padha gelem rukun maneh, jalaran rukun iku luwih becik, sanajan ta tabiating atine manungsa iku medhit,[252] dene yen sira padha

١٢٨- وَإِنِ امْرَأَةٌ خَافَتْ مِنْ بَعْلِهَا نُشُوزًا أَوْ إِعْرَاضًا فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا أَن يُصْلِحَا بَيْنَهُمَا صُلْحًا ۚ وَالصُّلْحُ خَيْرٌ ۗ وَأُحْضِرَتِ الْأَنفُسُ الشُّحَّ ۚ وَإِن تُحْسِنُوا

248). Inggih punika ingkang kaweca ing surat An Nisa' ayat 2 sarta 3.

249). Utawi hakipun nampi maskawin.

250). Adat istiadat Arab Jahiliyah, manawi yatim isteri ingkang dados wewengkonipun punapa endah ing rupi dipun kawini piyambak, dene manawi boten ayu, wonten tiyang sanes badhe angrabeni dipun alang-alangi, bab punika dipun awisi dening agama Islam.

251). Bab nusyuz sampun katerangaken ayat 34 surat An Nisa'. Sebab tiyang-tiyang isteri nilar kesah saking griya tanpa izin jaleripun (nusyuz) lajeng tiyang jaler tumindak keras, ngebonaken ing patileman tilem piyambakan, kangge pengajaran sae.

252). Watakipun tiyang punika manawi nembe regejegan bab bale griya, sebab nusyuz utawi rebat leres piyambak, punika manawi sampun lerem kalih-kalihipun purun dhame - rukun malih, punika ageng sanget ganjaranipun, pendidikan putra-putra badhe wangsul sahe; nanging kosok wangsul manawi satunggal-satunggalipun medhit ambedhidhil, malah sami keras tuntutanipun, punika badhe nambah kisruh lan nyebabaken remaja zaman sapunika sami nakal-nakal sebab tiyang sepuhipun kisruh. Dhuh para Bapa lan Ibu, kula aturi ingkang enget, namung sebab nusyuz saged anjebolaken betoning bendungan bale griya!

agawe becik sarta padha taqwa marang Allah, mangka sanyata Allah iku kang Waspada ing samubarang kang padha sira tindakake.

وَتَتَّقُوْا فَاِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرًا ۝

Wa inimra-atun khaafat mim ba'lihaa nusyuuzan au i'raadhan falaa junaaha 'alaihimaa ay yushlihaa bainahumaa shulhaa, wash-shulhu khair, wa uhdhiratil anfususy syuhha wa in tuhsinuu wa tattaquu fa innallaaha kaana bimaa ta'maluuna khabiiraa.

129. Lan sira babar pisan ora bisa tumindak adil ing antarane wong wadon, sanajana sira iku padha temen-temen. Jalaran saka iku aja nganti sira condhong banget marang sing sira tresnani, nglirwakake rabinira liyane mban cindhe-mban siladan. Ananging manawa sira bisa laku-adil, rukun, sarta taqwa marang Allah, sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٢٩- وَلَنْ تَسْتَطِيْعُوْٓا اَنْ تَعْدِلُوْا بَيْنَ النِّسَآءِ وَلَوْ حَرَصْتُمْ فَلَا تَمِيْلُوْا كُلَّ الْمَيْلِ فَتَذَرُوْهَا كَالْمُعَلَّقَةِ ۭ وَاِنْ تُصْلِحُوْا وَتَتَّقُوْا فَاِنَّ اللّٰهَ كَانَ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ۝

Walan tastathii'uu an ta'diluu bainan nisaa-i walau harashtum falaa tamiiluu kullal maili fatadzaruuhaa kal mu'allaqah, wa-in tushlihuu wa tattaquu fa-innallaaha kaana ghafuurar rahiimaa.

130. Manawa wong lanang-wadon sakaloron mau wus padha pepisahan, mangka Allah karsa nyukupi kaperluane siji-sijine kalawan kanugerahanNe, dene Allah iku jembar peparinge Mumpuni sarta Maha Wicaksana.

١٣٠- وَاِنْ يَّتَفَرَّقَا يُغْنِ اللّٰهُ كُلًّا مِّنْ سَعَتِهٖ ۭ وَكَانَ اللّٰهُ وَاسِعًا حَكِيْمًا ۝

Wa iy yatafarraqaa yughnillaahu kullam min sa'atih, wa kaanallaahu waasi'an hakiimaa.

Ngagesang taqwa

131. Lan iku barang kang ana ing Langit, lan barang kang ana ing Bumi, kagungane Allah lan sanyata Ingsun wus paring wasiyat marang wong-wong kang andarbeni cecekelan Kitab sadurungira, lan uga marang sira kabeh, supaya sira kabeh padha taqwa ing Allah. Dene manawa sira malah padha kafir, mangka sanyata kagunganing Allah, kabeh barang kang ana ing Bumi, 253) sarta Allah iku Maha Sugih, ora butuh marang kawulaNe, lan Maha Pinuji.

١٣١- وَلِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۭ وَلَقَدْ وَصَّيْنَا الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِكُمْ وَاِيَّاكُمْ اَنِ اتَّقُوا اللّٰهَ ۭ وَاِنْ تَكْفُرُوْا فَاِنَّ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۭ وَكَانَ اللّٰهُ غَنِيًّا حَمِيْدًا ۝

Wa lillaahi maa fis samaawaati wamaa fil ardh, wa laqad washshainal ladziina uutul kitaaba min qablikum wa iyyaakum anittaqullaah, wa in takfuruu fa inna lillaahi maa fis samaawaati wamaa fil ardh, wa kaanallaahu ghaniyyan hamiidaa.

132. Lan kagunganing Allah piyambak iku barang kang ana ing Langit, lan barang kang ana ing Bumi, lan wus cukup Allah iku kang pinasrahan.

١٣٢- وَلِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۭ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَكِيْلًا ۝

Wa lillaahi maa fis samaawaati wamaa fil ardh, wa kafaa billaahi wakiilaa.

253). Tegesipun senajan kathah tiyang sami kafir, boten badhe anggegrekaken kuwasanipun Allah s.w.t.

133. He para manungsa, elinga manawa Allah karsa, Panjenengane kuwasa anyirnakake sira kabeh, lan Panjenengane banjur karsa anyipta makhluk anyar liyane, jalaran Allah iku Maha Kuwasa ing ngatase kang mangkono mau.

١٣٣- إِنْ يَّشَأْ يُذْهِبْكُمْ أَيُّهَا النَّاسُ وَيَأْتِ بِآخَرِيْنَ ۚ وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى ذٰلِكَ قَدِيْرًا ۝

Iy yasya' yudzhibkum ayyuhan naasu wa ya'ti bi aakhariin, wa kaanallaahu 'alaa dzaalika qadiiraa.

134. Sapa kang ngarepake oleh ganjaran Donya, mangertiya manawa Allah iku kang kagungan ganjaran Donya lan Akherat, lan Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Priksa.

١٣٤- مَنْ كَانَ يُرِيْدُ ثَوَابَ الدُّنْيَا فَعِنْدَ اللّٰهِ ثَوَابُ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ سَمِيْعًا بَصِيْرًا ۝

Man kaana yuriidu tsawaabad dun-yaa fa'indallaahi tsawaabud-dun-yaa wal aakhirah, wa kaanallaahu samii'am bashiiraa.

Laku kang sarwa adil

135. He para wong Mu'min, sira padha jejera dadi wong kang padha tumindak adil anggonira dadi saksi, sarta wajib mung karana Allah, sanajan bakal ngalahake ing awakira dhewe, utawa bakal ngalahake ing Ibu-Bapa-ira dhewe, utawa ngalahake marang sanak-sadulurira dhewe. Manawa ana kang sira sekseni 254) iku sugih, utawa miskin, ora perlu sira ambelani, jalaran Allah piyambak kang luwih kudu ambeneri marang si sugih, lan si miskin iku. Mulane sira aja padha anggugu karepe hawa-nafsunira, supaya sira aja nganti ora bisa tumindak adil. Dene manawa sira nganti padha malengos, ora bener anggonira dadi saksi, utawa suthik nyekseni, sanyata Allah iku ing samubarang kang padha sira tindakake, sayekti Waspada.

١٣٥- يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كُوْنُوْا قَوّٰمِيْنَ بِالْقِسْطِ شُهَدَآءَ لِلّٰهِ وَلَوْ عَلٰٓى أَنْفُسِكُمْ أَوِ الْوَالِدَيْنِ وَالْأَقْرَبِيْنَ ۚ إِنْ يَّكُنْ غَنِيًّا أَوْ فَقِيْرًا فَاللّٰهُ أَوْلٰى بِهِمَا ۖ فَلَا تَتَّبِعُوا الْهَوٰٓى أَنْ تَعْدِلُوْا ۚ وَإِنْ تَلْوٗٓا أَوْ تُعْرِضُوْا فَإِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu kuunuu qawwaamiina bil qisthi syuhadaa-a lillaahi walau 'alaa anfusikum awil waalidaini wal aqrabiina iy yakun ghaniyyan au faqiiran fallaahu aulaa bihimaa, falaa tattabi'ul hawaa an ta'diluu wa in talwuu au tu'ridhuu fa innallaaha kaana bimaa ta'maluuna khabiiraa.

136. He para wong Mu'min, sira padha kumandela marang Allah, lan marang UtusanNe, lan marang Kitab kang wus diturunake marang UtusanNe Muhammad, sarta marang Kitab-suci kang wus diturunake dhuk zaman sadurunge, jalaran sing sapa kafir marang Allah, lan marang para Malaikate, lan marang UtusanNe, sarta kafir marang ananing Dina Akhir, temen wong mau kasasar adoh-banget sasare.

١٣٦- يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَالْكِتٰبِ الَّذِيْ نَزَّلَ عَلٰى رَسُوْلِهٖ وَالْكِتٰبِ الَّذِيْٓ أَنْزَلَ مِنْ قَبْلُ ۚ وَمَنْ يَّكْفُرْ بِاللّٰهِ وَمَلٰٓئِكَتِهٖ وَكُتُبِهٖ وَرُسُلِهٖ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلٰلًا بَعِيْدًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu aaminuu billaahi wa rasuulihii wal kitaabil ladzii nazzala 'alaa rasuulihii wal kitaabil ladzii anzala min qablu, wa may yakfur billaahi wa malaa-ikatihii wa kutubihii wa rasuulihii wal yaumil aakhiri faqad dhalla dhalaalam ba'iidaa.

254). Sebab didakwa ing sawijining perkara.

Wong munafik tansah gawe gejolak masyarakat.

137. Sanyata wong-wong kang padha iman, nuli bali padha kafir, banjur iman maneh, nuli bali kafir 255) maneh, malah kepara saya tambah-wuwuh kafire, Allah ora arsa paring pituduh ing dheweke marang dalan kang bener.

١٣٧- إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا ثُمَّ كَفَرُوا ثُمَّ آمَنُوا ثُمَّ كَفَرُوا ثُمَّ ازْدَادُوا كُفْرًا لَّمْ يَكُنِ اللَّهُ لِيَغْفِرَ لَهُمْ وَلَا لِيَهْدِيَهُمْ سَبِيلًا ۝

Innal ladziina aamanuu tsumma kafaruu tsumma aamanuu tsumma kafaruu tsummaz-daaduu kufran lam yakunillaahu liyaghfira lahum walaa liyahdiyahum sabiilaa.

138. He Muhammad, sira ngandhanana marang wong kang padha munafik, manawa dheweke iku bakal padha kapatrapan Siksa kang anglarani.

١٣٨- بَشِّرِ الْمُنَافِقِينَ بِأَنَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ۝

Basysyiril munaafiqiina bi anna lahum 'adzaaban aliimaa.

139. Yaiku wong kang padha andadekake wong-wong kafir dadi kekasih, ora marang wong Mu'min. Apa dheweke pamrih padha ngupaya kaluhuran bebarengan kalawan wong-wong kang padha kafir mau? Ing mangka kabeh kaluhuran iku mung kagungane Allah piyambak.

١٣٩- الَّذِينَ يَتَّخِذُونَ الْكَافِرِينَ أَوْلِيَاءَ مِن دُونِ الْمُؤْمِنِينَ ۚ أَيَبْتَغُونَ عِندَهُمُ الْعِزَّةَ فَإِنَّ الْعِزَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا ۝

Alladziina yattakhidzuunal kaafiriina auliyaa-a min duunil mu'miniina, ayabtaghuuna 'indahumul 'izzata fa innal 'izzata lillaahi jamii'aa.

140. Lan yekti PanjenenganNe Allah wus nurunake marang sira ana ing Kitab Quraan kang maksude manawa sira padha krungu ayat-ayate Allah dipaido utawa digeguyu, sira aja nganti ketungkul mung lelungguhan wahe kalawan wong-wong mau nganti dheweke salin rembugan liyane. Manawa sira padha tetep mung lelungguhan kalawan wong mau, sarta dheweke isih nerusake rerembugan bab iku, yen ngono, yekti sira kabeh iku kaya wong-wong kafir mau. Sanyata Allah arsa angumpulake wong-wong munafik lan wong-wong kafir ana ing Naraka Jahanam.

١٤٠- وَقَدْ نَزَّلَ عَلَيْكُمْ فِي الْكِتَابِ أَنْ إِذَا سَمِعْتُمْ آيَاتِ اللَّهِ يُكْفَرُ بِهَا وَيُسْتَهْزَأُ بِهَا فَلَا تَقْعُدُوا مَعَهُمْ حَتَّىٰ يَخُوضُوا فِي حَدِيثٍ غَيْرِهِ ۚ إِنَّكُمْ إِذًا مِّثْلُهُمْ ۗ إِنَّ اللَّهَ جَامِعُ الْمُنَافِقِينَ وَالْكَافِرِينَ فِي جَهَنَّمَ جَمِيعًا ۝

Waqad nazzala 'alaikum fil kitaabi an idzaa sami'tum aayaatillaahi yukfaru bihaa wa yustahza-u bihaa falaa taq'uduu ma'ahum hattaa yakhuudhuu fii hadiitsin ghairihii innakum idzam mitsluhum, innallaaha jaami'ul munaafiqiina wal kaafiriina fii jahannama jamii'aa.

141. Yaiku wong kafir lan wong munafik kang padha ngenteni kapriye bakal kadadeyane manawa sira antuk kamenangan saka ngarsaning Allah, dheweke padha ngucap: "Punapa kita punika sanes saking golongan sampeyan ta?", ananging manawa wong kafir

١٤١- الَّذِينَ يَتَرَبَّصُونَ بِكُمْ فَإِن كَانَ لَكُمْ فَتْحٌ مِّنَ اللَّهِ قَالُوا أَلَمْ نَكُن مَّعَكُمْ ۖ وَإِن كَانَ لِلْكَافِرِينَ نَصِيبٌ قَالُوا أَلَمْ نَسْتَحْوِذْ عَلَيْكُمْ وَنَمْنَعْكُم مِّنَ الْمُؤْمِنِينَ ۚ

255). **Wongsal-wangsul kafir**, iman lan kafir malih, punika ateges ngremehaken agama Islam.

kang padha oleh panduman, dheweke padha ngucap: "Apa dudu kita kang padha ambiyantu sira,[256] lan apa dudu kita kang ambelani sira, aja nganti sira kalah dening wong Mu'min?". Mangka Allah karsa amutusi ing antaranira besuk Dina Qiyamat, sarta Allah iku ora pisan-pisan andamel alasan marang wong-wong kafir kanggo angalahake wong-wong Mu'min.

فَاللّٰهُ يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ وَلَنْ يَّجْعَلَ اللّٰهُ لِلْكٰفِرِيْنَ عَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ سَبِيْلًا ۝ ٤

Alladziina yatarabbashuuna bikum fa-in kaana lakum fat-hum minallaahi qaaluu alam nakum ma'akum wa in kaana lil-kaafiriina nashiibun qaaluu alam nastah-widz 'alaikum wa namna'kum minal mu'-miniin, fallaahu yahkumu bainakum yaumal qiyaamah, walay yaj'allaahu lil kaafiriina 'alal mu'miniina sabiilaa.

142. Sanyata wong-wong munafik iku padha ngapusi ing Allah, Panjenengane Allah uga males apus krama ing wong-wong mau,[257] manawa dheweke padha nindakake Sholat tumindake kanthi sarwa aras-arasen, sarta sholate dipamerake ing sangarepe manungsa,[258] lan sajatine dheweke ora padha eling marang Allah kajaba mung sathithik.[259]

١٤٢ - إِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ يُخٰدِعُوْنَ اللّٰهَ وَهُوَ خَادِعُهُمْ ۚ وَإِذَا قَامُوْٓا إِلَى الصَّلٰوةِ قَامُوْا كُسَالٰى ۙ يُرَآءُوْنَ النَّاسَ وَلَا يَذْكُرُوْنَ اللّٰهَ إِلَّا قَلِيْلًا ۝ ٥

Innal munaafiqiina yukhaadi'uunallaaha wahuwa khaadi'uhum wa idzaa qaamuu ilash shalaati qaamuu kusaalaa yuraa-uunan naasa walaa yadzkuruunallaaha illaa qaliilaa.

143. Wong-wong munafik mau jan-jane padha kewuhan, gojag-gajeg ana ing antarane iman apa kafir, ora mlebu golongan wong kang Mu'min, lan uga ora mlebu golongan kang kafir. Dene sing sapa disasarake dening Allah mangka sira Muhammad ora bakal bisa oleh dedalan kanggo nuduhake wong mau.

١٤٣ - مُّذَبْذَبِيْنَ بَيْنَ ذٰلِكَ لَآ إِلٰى هٰٓؤُلَآءِ وَلَآ إِلٰى هٰٓؤُلَآءِ ۚ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَلَنْ تَجِدَ لَهُ سَبِيْلًا ۝

Mudzabdzabiina baina dzaalika laa ilaa haa-ulaa-i walaa ilaa haa-ulaa-i wa may yudhlilillaahu falan tajida lahuu sabiilaa.

144. He para wong Mu'min, sira aja padha nganggep wong kafir dadi kekasih[260] sarana ninggal wong-wong Mu'min, apa ta sira padha karep tumrap Allah anggawe tandha yekti kang cetha kanggo anyiksa marang sira?

١٤٤ - يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَتَّخِذُوا الْكٰفِرِيْنَ أَوْلِيَآءَ مِنْ دُوْنِ الْمُؤْمِنِيْنَ ۚ أَتُرِيْدُوْنَ أَنْ تَجْعَلُوْا لِلّٰهِ عَلَيْكُمْ سُلْطٰنًا مُّبِيْنًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattakhidzul kaafiriina auliyaa-a min duunil

256). Tiyang Munafik sami ambocoraken rahasia militer saking wadiyabala Muslimin, lan manawi tumut front Muslimin anggenipun mangun yudha boten saestu.

257). Allah nguja polah tingkahipun tiyang Munafik anggenipun ngaken iman, pramila formil dipun layani kados tiyang Mukmin, ananging Allah nyadhiyakaken Neraka kangge piwales anggenipun ngapusi (manipuasi).

258). Ingkang nami riya punika nindakaken amal boten karana ngupados karidhaning Allah, ananging ngupados populer lan pujian saking masyarakat.

259). Upaminipun manawi nindakaken sholat punapa amal sanes punika namung awis-awis, tur milih manawi kapergok ing ngajengipun tiyang kathah.

260). Tetembungan Wali (jamakipun Auliya') punika ateges mitra kinasih, pangayom, utawi ingkang tansah paring pitulung.

mu'miniin, aturiduuna an taj'aluu lillaahi 'alaikum sulthaanam mubiinaa.

145. Sanyata wong-wong munafik iku bakal padha manggon ana ing dhasaring panggonan kang ngisor dhewe saka Naraka, lan sira Muhammad ora bakal nemu wong kang bisa mitulungi, marang wong mau.

١٤٥- إِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ فِى الدَّرْكِ الْاَسْفَلِ مِنَ النَّارِ ۚ وَلَنْ تَجِدَ لَهُمْ نَصِيْرًا ۝

Innal munaafiqiina fid darkil asfali minan naari walan tajida lahum nashiiraa.

146. Kajaba wong-wong kang banjur padha tobat, lan nyata padha gelem ambangun kabecikan,[261] sarta padha cecekelan Agamaning Allah, lan amurnekake Agamane tulus ikhlas krana Allah, mangka wong-wong kang kaya mangkono mau bakal kagolongake karo wong-wong Mu'min, lan Allah arsa paring marang wong Mu'min nugraha kang Agung.

١٤٦- إِلَّا الَّذِيْنَ تَابُوْا وَاَصْلَحُوْا وَاعْتَصَمُوْا بِاللّٰهِ وَاَخْلَصُوْا دِيْنَهُمْ لِلّٰهِ فَاُولٰٓئِكَ مَعَ الْمُؤْمِنِيْنَ ۖ وَسَوْفَ يُؤْتِ اللّٰهُ الْمُؤْمِنِيْنَ اَجْرًا عَظِيْمًا ۝

Illal ladziina taabuu wa ashlahuu wa'tashamuu billaahi wa akhlashuu diinahum lillaahi fa ulaa-ika ma'al mu'miniina wa saufa yu'tillaahul mu'miniina ajran 'azhiimaa.

147. Allah iku ora karsa ndedawa pasiksanira kabeh, manawa pancen siar iku padha syukur, lan padha iman marang Panjenengan-Ne, jalaran Allah iku kang Anampa Syukur sarta Maha Wikan.[262]

١٤٧- مَا يَفْعَلُ اللّٰهُ بِعَذَابِكُمْ اِنْ شَكَرْتُمْ وَاٰمَنْتُمْ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ شَاكِرًا عَلِيْمًا ۝

Maa yaf'alullaahu bi'adzaabikum in syakartum wa aamantum, wa kaanallaahu syaakiran 'aliimaa.

JUZ 6

Larangan mangucap ala marang sapadha-padha

148. Allah iku ora remen marang pangucap ala[263] kang disorakake, kajaba wong kang dikaniaya,[264] jalaran Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Wikan.

١٤٨- لَا يُحِبُّ اللّٰهُ الْجَهْرَ بِالسُّوْٓءِ مِنَ الْقَوْلِ اِلَّا مَنْ ظُلِمَ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ سَمِيْعًا عَلِيْمًا ۝

Laa yuhibbul laahul jahra bis suu-i minal qauli illaa man zhulima, wa kaanallaahu samii'an 'aliimaa.

261). Ambangun kasaenan mawarni-warni kangge nutup (nglintoni) tumindak ingkang awon lan keklintuan kawicaksanaan ingkang damel rugi masyarakat.

262). Maksudipun Allah nampi syukuripun amal kasaenan wau, Allah paring tambah-tambah nikmat minangka ganjaranipun.

263). Ucapan awon, kadosta ngremehaken, nacat tiyang, misuh, tumbak cucukan, lan sanes-sanesipun ingkang badhe damel cecongkrahan.

264). Maksudipun menggahing tiyang ingkang ambelani kaleresan ing ngajengipun Hakim utawi Pemerintah sebab wonten tiyang ingkang nganiaya, punika kenging ambikak wados lan awon sarta cacad-cacadipun tiyang sanes.

149. Manawa sira padha anglahirake sawijining kautaman, utawa sira sidhemake, utawa sira ngapura saka alaning wong liya, mangka sanyata Allah iku Maha Ngapura, sarta Maha Kuwasa.

١٤٩- إِنْ تُبْدُوا خَيْرًا أَوْ تُخْفُوهُ أَوْ تَعْفُوا عَنْ سُوٓءٍ فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ عَفُوًّا قَدِيرًا ۝

In tubduu khairan au tukhfuuhu au ta'fuu 'an suu-in fa innallaaha kaana 'afuwwan qadiiraa.

150. Sanyata wong-wong kang padha kafir marang Allah, lan UtusanNe, sarta duwe karep ambedak-bedakake ing Allah lan Utusan-UtusanNe,[265] lan ngucap: "Kita iman marang sawenehe Rasul, lan uga kafir liyane", dheweke padha karep ngalap dalan kang tengah-tengah antarane iman lan kafir mau.

١٥٠- إِنَّ الَّذِينَ يَكْفُرُونَ بِاللَّهِ وَرُسُلِهِ وَيُرِيدُونَ أَنْ يُفَرِّقُوا بَيْنَ اللَّهِ وَرُسُلِهِ وَيَقُولُونَ نُؤْمِنُ بِبَعْضٍ وَنَكْفُرُ بِبَعْضٍ وَيُرِيدُونَ أَنْ يَتَّخِذُوا بَيْنَ ذَٰلِكَ سَبِيلًا ۝

Innalladziina yakfuruuna billaahi wa rusulihii wa yuriiduuna ay yufarriquu bainallaahi wa rusulihii wa yaquuluuna nu'minu biba'dhin wa nakfuru diba'dhin wa yuriiduuna ay yattakhidzuu baina dzaalika sabiilaa.

151. Wong kang kaya mangkono mau iku sejatine wong kafir, lan Ingsun wus anyawisake marang wong-wong kafir iku Siksa kang nginakake banget.

١٥١- أُولَٰئِكَ هُمُ الْكَافِرُونَ حَقًّا ۚ وَأَعْتَدْنَا لِلْكَافِرِينَ عَذَابًا مُهِينًا ۝

Ulaa-ika humul kaafiruuna haqqaw wa a'tadnaa lil kaafiriina 'adzaabam muhiinaa.

152. Dene wong kang padha iman marang Allah, lan UtusanNe, lan ora ambedak-bedakake salah sawijining para andika Rasul mau, wong kang mangkono mau besuk, Panjenengane Allah karsa paring ganjarane marang wong-wong mau, sarta Allah iku Maha Ngapura lan Maha Asih.

١٥٢- وَالَّذِينَ آمَنُوا بِاللَّهِ وَرُسُلِهِ وَلَمْ يُفَرِّقُوا بَيْنَ أَحَدٍ مِنْهُمْ أُولَٰئِكَ سَوْفَ يُؤْتِيهِمْ أُجُورَهُمْ ۗ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا ۝ ع

Walladziina aamanuu billaahi wa rusulihii walam yufarriquu baina ahadim minhum, ulaa-ika saufa yu'tiihim ujuurahum wakaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

265). Tegesipun iman ing Allah, nanging kafir dhumateng para Rasul.

153. Wong-wong ahli Kitab bakal nyuwun marang sira Muhammad supaya sira nurunake marang dheweke sawijining Kitab saka Langit. Sanyata ahli Kitab mau wus tau padha nyuwun marang Nabi Musa barang kang luwih gedhe tinimbang iku, ature: "Kula mugi panjenengan sumerepaken ing Allah kalayan wewantahan". Nuli wong-wong mau padha disamber bledheg jalaran anggone padha anganiaya, banjur sawuse dheweke nampa pirang-pirang katerangan, dheweke iku padha ngalap sesembahan anak sapi.[266] Ingsun tumuli paring pangapura kaluputan kang mangkono mau, lan Ingsun maringi marang Musa panguwasa kang terang.

١٥٣- يَسْـَٔلُكَ أَهْلُ الْكِتٰبِ أَنْ تُنَزِّلَ عَلَيْهِمْ كِتٰبًا مِّنَ السَّمَآءِ فَقَدْ سَأَلُوا مُوسٰٓى أَكْبَرَ مِنْ ذٰلِكَ فَقَالُوٓا أَرِنَا اللّٰهَ جَهْرَةً فَأَخَذَتْهُمُ الصّٰعِقَةُ بِظُلْمِهِمْ ۚ ثُمَّ اتَّخَذُوا الْعِجْلَ مِنْ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ الْبَيِّنٰتُ فَعَفَوْنَا عَنْ ذٰلِكَ ۚ وَآتَيْنَا مُوسٰى سُلْطٰنًا مُّبِينًا ۝

Yas-aluka ahlul kitaabi an tunazzila 'alaihim kitaabam minas samaa-i faqad sa-aluu muusaa akbara min dzaalika faqaaluu arinallaaha jahratan fa-akhadzat humush shaa'iqatu bizhulmihim tsummat takhadzul 'ijla mim ba'di maa jaa-at humul bayyinaatu fa'afaunaa 'an dzaalika wa aatainaa muusaa sulthaanam mubiinaa.

154. Lan Ingsun ngungkulake gunung Thursina ana dhuwure wong-wong mau kanggo mundhut parjanjian, lan Ingsun dhawuh marang wong-wong mau: "Sira padha lumebua lawange Negara iku sarana tumungkul",[267] lan Ingsun dhawuh uga marang dheweke: "Sira aja padha anjarag golek iwak ana dina Sabtu",[268] lan Ingsun wus karsa mundhut parjanjian kang kukuh saka wong-wong mau.

١٥٤- وَرَفَعْنَا فَوْقَهُمُ الطُّوْرَ بِمِيْثَاقِهِمْ وَقُلْنَا لَهُمُ ادْخُلُوا الْبَابَ سُجَّدًا وَّقُلْنَا لَهُمْ لَا تَعْدُوْا فِي السَّبْتِ وَأَخَذْنَا مِنْهُمْ مِّيْثَاقًا غَلِيْظًا ۝

Wa rafa'naa fauqa humuth thuura bimiitsaaqihim wa qulnaa lahumud khulul baaba sujjadaw wa qulnaa lahum laa ta'duu fis sabti wa akhadznaa minhum miitsaaqan ghaliizhaa.

155. Satemah wong-wong mau Ingsun patrapi bebendu,[269] jalaran saka tumindake cidra ing janji, lan anggone kafir marang ayat-ayating Allah, lan anggone nyedani para andika Nabi kalawan ora bener, sarta anggone padha ngucap: "Manah kita sampun buntet". Allah malah nutup atine wong-wong mau jalaran saka kekafirane, mulane dheweke ora padha iman kajaba mung sathithik.

١٥٥- فَبِمَا نَقْضِهِمْ مِّيْثَاقَهُمْ وَكُفْرِهِمْ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ وَقَتْلِهِمُ الْأَنْبِيَآءَ بِغَيْرِ حَقٍّ وَّقَوْلِهِمْ قُلُوْبُنَا غُلْفٌ ۚ بَلْ طَبَعَ اللّٰهُ عَلَيْهَا بِكُفْرِهِمْ فَلَا يُؤْمِنُوْنَ إِلَّا قَلِيْلًا ۝

---

266). Anak lembu (pedhet) wau damelanipun tiyang Bani Israil piyambak, kadamel saking emas lajeng dipun sembah-sembah!

267). Sarana tumungkul utawi sujud, mirsanana katerangan ayat 58 surat Al Baqarah.

268). Dinten Sabtu utawi Sabbat menggahing tiyang Yahudi punika khusus dinten 'ibadat, boten kenging ngupados utawi nyambi kadonyan sanes-sanesipun.

269). Bebenduning Allah kadosta jalma dados kethek, dipun samber bledheg lan sanes-sanesipun.

Fabimaa naqdhihim miitsaaqahum wa kufrihim bi aayaatillaahi wa qatlihimul ambiyaa-a bighairi haqqiw wa qaulihim quluubunaa ghulfum bal thaba'allaahu 'alaihaa bikufrihim falaa yu'minuuna illaa qaliilaa.

156. Lan jalaran anggone maido marang 'Isa, lan anggone ngucapake gegorohan kang gedhe andakwa Maryam iku zina.

١٥٦- وَّبِكُفْرِهِمْ وَقَوْلِهِمْ عَلٰى مَرْيَمَ بُهْتَانًا عَظِيْمًا ۙ

Wabikufrihim wa qaulihim 'alaa maryama buhtaanan 'azhiimaa.

157. Lan jalaran anggone padha ngucap: "Sajatine kita wus mrajaya Al Masih, 'Isa putra Maryam".270) Ananging sanyatane wong-wong mau ora padha mrajaya Nabi 'Isa, lan ora padha nyalib, nanging pandelenge wong-wong mau padha dibawurake, lan sanyata wong-wong kang padha seje panemune perkara iku, yekti padha ana ing kamamangan wong-wong mau ora padha duwe pangerten kang cetha tumrap sedane Nabi 'Isa, kajaba mung kira-kira bae, sarta dheweke ora padha mrajaya marang Nabi 'Isa kalawan yakin.

١٥٧- وَّقَوْلِهِمْ اِنَّا قَتَلْنَا الْمَسِيْحَ عِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ رَسُوْلَ اللّٰهِ ۚ وَمَا قَتَلُوْهُ وَمَا صَلَبُوْهُ وَلٰكِنْ شُبِّهَ لَهُمْ ۗ وَاِنَّ الَّذِيْنَ اخْتَلَفُوْا فِيْهِ لَفِيْ شَكٍّ مِّنْهُ ۗ مَا لَهُمْ بِهٖ مِنْ عِلْمٍ اِلَّا اتِّبَاعَ الظَّنِّ ۚ وَمَا قَتَلُوْهُ يَقِيْنًا ۙ

Wa qaulihim innaa qatalnal masiiha 'iisabna maryama rasuulallaahi wamaa qataluuhu wamaa shalabuuhu walaakin syubbiha lahum wa innal ladziinakh talafuu fiihi lafii syakkim minhu maa lahum bihii min 'ilmin illattibaa'azh zhan, wamaa qataluuhu yaqiinaa.

158. Ananging Allah wus ngangkat ing Nabi 'Isa marang ngarsaNe, awit Allah iku Maha Gagah Prakosa, sarta Maha Wicaksana.271)

١٥٨- بَلْ رَّفَعَهُ اللّٰهُ اِلَيْهِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ۝

Bar rafa'ahullaahu ilaihi wa kaanallaahu 'aziizan hakiimaa.

159. Lan ora ana wong sawiji wae saka ahli Kitab kajaba bakal iman marang Nabi 'Isa sadurunge sedane,272) lan besuk ana ing Dina Qiyamat, Nabi 'Isa bakal jumeneng dadi saksi, nyekseni wong-wong mau.

١٥٩- وَاِنْ مِّنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ اِلَّا لَيُؤْمِنَنَّ بِهٖ قَبْلَ مَوْتِهٖ ۚ وَيَوْمَ الْقِيٰمَةِ يَكُوْنُ عَلَيْهِمْ شَهِيْدًا ۚ

Wa im min ahlil kitaabi illaa layu'minanna bihii qabla mautihii wa yaumal qiyaamati yakuunu 'alaihim syahiidaa.

270). Tiyang Yahudi nyebat 'Isa putra Maryam punika ngece kemawon, nyatanipun boten iman ke Rasullanipun, malah badhe mrajaya.

271). Ayat punika ambantah anggepanipun tiyang Yahudi, bilih piyambakipun saged mrajaya Nabi 'Isa a.s.

272). Tegesipun sintena kemawon tiyang Yahudi utawi Nasrani badhe iman saderengipun pejah, bilih 'Isa punika Rasul Allah, lan sanes putraning Allah, punika imanipun boten saged katampi.

160. Lan sabab anggone wong-wong Yahudi padha nganiaya marang awake dhewe, lan jalaran anggone tansah padha angalang-alangi dedalaning Allah, Ingsun ngaramake marang wong-wong mau sapirang-pirang panganan kang becik, kang maune dihalalake dening dheweke.

١٦٠- فَبِظُلْمٍ مِّنَ الَّذِيْنَ هَادُوْا حَرَّمْنَا عَلَيْهِمْ طَيِّبٰتٍ
أُحِلَّتْ لَهُمْ وَبِصَدِّهِمْ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ كَثِيْرًا ۝

Fabizhulmim minal ladziina haaduu harramnaa 'alaihim thayyibaatin uhillat lahum wa bishaddihim an sabiilillaahi katsiiraa.

161. Lan jalaran anggone padha mangan bandha-riba, kang mangka wong-wong mau wus dicegah nampani bandha riba iku, lan anggone padha mangan bandhane liyan ora kalawan dalan kang bener, lan Ingsun wus nyawisake tumrap wong-wong kafir mau, Siksa kang nglarani banget.

١٦١- وَّاَخْذِهِمُ الرِّبٰوا وَقَدْ نُهُوْا عَنْهُ وَاَكْلِهِمْ اَمْوَالَ
النَّاسِ بِالْبَاطِلِ ۗ وَاَعْتَدْنَا لِلْكٰفِرِيْنَ مِنْهُمْ
عَذَابًا اَلِيْمًا ۝

Wa akhdzihimur ribaa waqad nuhuu 'anhu wa aklihim amwaalan naasi bil baathili wa a'tadnaa lil kaafiriina minhum 'adzaaban aliimaa.

162. Ananging wong-wong kang tetep anggone ngugemi kawruhe (lebda ing 'ilmu), lan wong-wong Mu'min, lan wong kang padha nindakake Sholat, sarta wong padha weweh Zakat, apa dene wong kang padha tementemen anggone iman marang Allah, lan Dina Akhir. Dheweke iku padha iman marang Kitab kang wus diturunake marang sira Muhammad, lan marang Kitab kang wus diturunake saka sadurungira, wong kang mangkono iku arsa Ingsun paringi ganjaran kang Agung.

١٦٢- لٰكِنِ الرّٰسِخُوْنَ فِي الْعِلْمِ مِنْهُمْ وَالْمُؤْمِنُوْنَ يُؤْمِنُوْنَ
بِمَآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ وَمَآ اُنْزِلَ مِنْ قَبْلِكَ وَالْمُقِيْمِيْنَ
الصَّلٰوةَ وَالْمُؤْتُوْنَ الزَّكٰوةَ وَالْمُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَ
الْيَوْمِ الْاٰخِرِ ۗ اُولٰٓئِكَ سَنُؤْتِيْهِمْ اَجْرًا عَظِيْمًا ۝ ع ٢٣

Laakinir raasikhuuna fil 'ilmi minhum wal mu'minuuna yu'minuuna bimaa unzila ilaika wamaa unzila min qablika wal muqiimiinash shalaata wal mu'tuunaz zakaata wal mu'minuuna billaahi wal yaumil aakhiri ulaa-ika sanu'tiihim ajran 'azhiimaa.

Wahyu Ilahy marang para andika Nabi, lan bab jejer wigatose piwulang Tauhid

163. Sanyata Ingsun wus paring wahyu marang sira Muhammad kaya dene anggonIngsun paring wahyu marang Nabi Nuh, lan para Nabi sawuse Nabi Nuh, lan Ingsun uga wus paring wahyu marang Nabi Ibrahim lan Nabi Isma'il, Nabi Ishaq, Nabi Ya'qub, lan para tedhak turune, sarta Nabi 'Isa, Nabi Ayub, Nabi Yunus, Nabi Harun, Nabi Sulaiman, lan Ingsun wus maringi marang Nabi Dawud, Kitab Zabur.

١٦٣- اِنَّآ اَوْحَيْنَآ اِلَيْكَ كَمَآ اَوْحَيْنَآ اِلٰى نُوْحٍ وَّالنَّبِيّٖنَ
مِنْۢ بَعْدِهٖ ۚ وَاَوْحَيْنَآ اِلٰٓى اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْمٰعِيْلَ وَ
اِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ وَالْاَسْبَاطِ وَعِيْسٰى وَاَيُّوْبَ
وَيُوْنُسَ وَهٰرُوْنَ وَسُلَيْمٰنَ ۚ وَاٰتَيْنَا دَاوٗدَ
زَبُوْرًا ۝

Innaa auhainaa ilaika kamaa auhainaa ilaa nuuhiw wannabiyyiina mim ba'dihii wa auhainaa ilaa ibraahiima wa ismaa'iila wa is-haaqa wa ya'kuuba wal asbaathi wa 'iisaa wa ayyuuba wa yuunusa wa haaruuna wa sulaimaana wa aatainaa daawuuda zabuuraa.

164. Lan Ingsun wus angutus pirang-pirang Utusan kaya kang wus Ingsun caritakake marang sira, lan isih akeh para Utusan kang durung Ingsun caritakake marang sira, lan Allah wus wawan sabda kalawan Nabi Musa kang tanpa lantaran. 273)

١٦٤- وَرُسُلًا قَدْ قَصَصْنٰهُمْ عَلَيْكَ مِنْ قَبْلُ وَرُسُلًا لَّمْ نَقْصُصْهُمْ عَلَيْكَ ۚ وَكَلَّمَ اللّٰهُ مُوْسٰى تَكْلِيْمًا ۝

Wa rusulan qad qashashnaahum 'alaika min qablu wa rusulal lam naqshushum 'alaika wa kallamal laahu muusaa takliimaa.

165. Para andika Rasul mau padha angebang-cbang sarta padha angancam, supaya para manungsa ora bisa gawe-gawe dalih, kang anduwa salah, marang Allah sawuse rawuhe para andika Rasul mau, dene Allah iku Maha Gagah Prakosa sarta Maha Wicaksana.

١٦٥- رُسُلًا مُّبَشِّرِيْنَ وَمُنْذِرِيْنَ لِئَلَّا يَكُوْنَ لِلنَّاسِ عَلَى اللّٰهِ حُجَّةٌ ۢ بَعْدَ الرُّسُلِ ۚ وَكَانَ اللّٰهُ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ۝

Rusulam mubasyiriina wa mundziriina li allaa yakuuna linnaasi 'alallaahi hujjatum ba'dar rusul, wakaanallaahu 'aziizan hakiimaa.

166. Ananging Allah anyekseni Al Kitab kang PanjenengaNe wus anurunake marang sira, yaiku Al Quraan, kalawan Uningane, lan para Malaikat uga padha anyekseni, lan cukup Allah kang anyekseni.

١٦٦- لٰكِنِ اللّٰهُ يَشْهَدُ بِمَآ اَنْزَلَ اِلَيْكَ اَنْزَلَهٗ بِعِلْمِهٖ ۚ وَالْمَلٰٓئِكَةُ يَشْهَدُوْنَ ۚ وَكَفٰى بِاللّٰهِ شَهِيْدًا ۝

Laakinillaahu yasyhadu bimaa anzala ilaika anzalahuu bi'ilmihii wal malaa-ikatu yasyhaduuna wa kafaa billaahi syahiidaa.

167. Sanyata wong kang padha kafir sarta angalang-alangi manungsa ngambah dedalaning Allah, nyata jeneng kesasar, sasar kang adoh temenan.

١٦٧- اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ قَدْ ضَلُّوْا ضَلٰلًا ۢ بَعِيْدًا ۝

Innal ladziina kafaruu wa shadduu 'an sabiilillaahi qad dhalluu dhalaalam ba'iidaa.

168. Sanyata wong-wong kang padha kafir sarta padha anganiaya marang awake dhewe, Allah ora karsa paring pangapura ing kaluputane wong-wong mau, sarta Panjenengane ora

١٦٨- اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَظَلَمُوْا لَمْ يَكُنِ اللّٰهُ لِيَغْفِرَ لَهُمْ وَلَا لِيَهْدِيَهُمْ طَرِيْقًا ۝

273). Nabi Musa a.s. kakersakaken dening Allah kuwawi wawan sabda kalawan Allah s.w.t. tanpa lantaran Malaikat Jibril, punika naminipun "Kalimullah", ugi Nabi Muhammad s.a.w. sampun nate kakersakaken makaten rikala Mi'raj ing wanci dalu.

karsa paring pituduh marang wong-wong mau ing dedalan kang lempeng.

Innal ladziina kafaruu wa zhalamuu lam yakunillaahu liyaghfira lahum wa laa liyahdiyahum thariiqaa.

169. Kajaba mung dalan kang anjog ing Naraka Jahanam, dheweke ana ing kono bakal padha langgeng sateruse, sarta kang kaya mangkono iku mungguhing Allah gampang.

١٦٩- إِلَّا طَرِيقَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرًا ۝

Illaa thariiqa jahannama khaalidiina fiihaa abadaa, wa kaana dzaalika 'alallaahi yasiiraa.

170. He para manungsa, sanyata wus rawuh marang sira kabeh Utusan kang angampil barang haq saka ngarsaning Allah Pangeranira. Amula sira enggal padha imana: kang mangkono iku luwih becik tumrap sira kabeh. Nanging manawa sira padha kafir ing Utusan mau, sira padha mangertia, manawa apa wahe isining Langit lan Bumi iku kagunganing Allah piyambak, lan Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.

١٧٠- يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدْ جَآءَكُمُ ٱلرَّسُولُ بِٱلْحَقِّ مِن رَّبِّكُمْ فَـَٔامِنُوا۟ خَيْرًا لَّكُمْ ۚ وَإِن تَكْفُرُوا۟ فَإِنَّ لِلَّهِ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ۝

Yaa ayyuhan naasu qad jaa-akumur rasuulu bil haqqi mir rabbikum fa aaminuu khairal lakum wa in takfuruu fa inna lillaahi maa fis samaawaati wal ardhi wa kaanallaahu 'aliiman hakiimaa.

Nabi 'Isa a.s. ing Quraan.

171. He wong ahli Kitab, sira aja padha leluwihan ing urusan Agamanira, 274) lan sira aja padha angucapake ing Allah kajaba kalawan pangucap kang bener. Sajatine 'Isa putrane Maryam iku ora liya mung Rasul Utusane Allah, kadadeyan saka Kalimah, ngandikaning Allah, lumantar (sebulane) 275) Malaikat Jibril kaucapake marang Maryam sarta Roh saka ngarsaning Allah. Mula saka iku sira padha percayaa marang Allah lan UtusanNe, lan sira aja padha ngucap: "Sajatine Allah iku telu". Prayogane sira lerena, mangkono iku luwih becik tumrap sira, sanyata Allah iku Pangeran Kang Suwiji, Maha Suci Allah yen ta kongsi kagungan putra. Isen-isening Langit lan Bumi iku ingkang kagungan sakabehe amung Allah piyambak, sarta wus cukup Allah iku ingkang Pinasrahan.

١٧١- يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ لَا تَغْلُوا۟ فِى دِينِكُمْ وَلَا تَقُولُوا۟ عَلَى ٱللَّهِ إِلَّا ٱلْحَقَّ ۚ إِنَّمَا ٱلْمَسِيحُ عِيسَى ٱبْنُ مَرْيَمَ رَسُولُ ٱللَّهِ وَكَلِمَتُهُۥٓ ۚ أَلْقَىٰهَآ إِلَىٰ مَرْيَمَ وَرُوحٌ مِّنْهُ ۖ فَـَٔامِنُوا۟ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ ۖ وَلَا تَقُولُوا۟ ثَلَٰثَةٌ ۚ ٱنتَهُوا۟ خَيْرًا لَّكُمْ ۚ إِنَّمَا ٱللَّهُ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ ۖ سُبْحَٰنَهُۥٓ أَن يَكُونَ لَهُۥ وَلَدٌ ۘ لَّهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۗ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ وَكِيلًا ۝ ع ٢٣ ٣

Yaa ahlal kitaabi laa taghluu fii diinikum walaa taquuluu 'alal laahi illal haqqa innamal masiihu 'iisabnu maryama rasuulullaahi wa kalimatuhuu alqaahaa ilaa maryama wa ruuhum minhu fa aaminuu billaahi wa rusulihii walaa taquuluu tsalaatsah,intahuu khairal lakum innamallaahu ilaahuw waahid, subhaanahuu ay-yakuuna lahuu walad, lahuu maa fissamaawaati wamaa fil ardhi wakafaa billaahi wakiilaa.

274). Maksudipun kados pangucapipun tiyang Nasrani, bilih 'Isa putra Maryam punika Allah.

275). Sebulanipun Malaikat Jibril punika sebab dipun dhawuhi Allah.

172. Al Masih, Nabi 'Isa iku ora lingsem manawa disebut kawulaning Allah, mangkono uga para Malaikat kang padha kacerak ana ing ngarsaning Allah, uga ora padha isin manawa disebut kawulaning Allah,[276] lan sapa kang isin ngawula ing Allah sarta malah gumedhe, Panjenengane Allah arsa angumpulake wong-wong mau kabeh ana ing ngarsaNe.

١٧٢- لَنْ يَّسْتَنْكِفَ الْمَسِيْحُ اَنْ يَّكُوْنَ عَبْدًا لِّلّٰهِ وَلَا الْمَلٰٓئِكَةُ الْمُقَرَّبُوْنَ ۭ وَمَنْ يَّسْتَنْكِفْ عَنْ عِبَادَتِهٖ وَيَسْتَكْبِرْ فَسَيَحْشُرُهُمْ اِلَيْهِ جَمِيْعًا ۝

Lay yastankifal masiihu ay yakuuna 'abdal lillaahi walal malaa-ikatul muqarrabuuna wamay yastankif 'an 'ibaadatihii wa yastakbir fasayah syuruhum ilaihi jamii'aa.

173. Ana dene wong-wong kang padha percaya ing Allah, sarta padha tumindak becik-becik, sayekti Allah karsa anuhoni paring ganjarane ing wong-wong mau, lan Panjenengane uga arsa paring tambah marang wong-wong mau saka KanugerahaNe. Dene wong-wong kang padha isin disebut kawulaning Allah sarta padha gumedhe, mangka Panjenengane Allah arsa matrapake Siksa marang dheweke kalawan siksa kang anglarani. Lan wong-wong mau ora bakal bisa nemu kanggo awake saliyane Allah, wong kang bisa ngasihi lan mitulungi.

١٧٣- فَاَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ فَيُوَفِّيْهِمْ اُجُوْرَهُمْ وَيَزِيْدُهُمْ مِّنْ فَضْلِهٖ ۚ وَاَمَّا الَّذِيْنَ اسْتَنْكَفُوْا وَاسْتَكْبَرُوْا فَيُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا اَلِيْمًا ۙ وَّلَا يَجِدُوْنَ لَهُمْ مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلِيًّا وَّلَا نَصِيْرًا ۝

Fa ammal ladziina aamanuu wa 'amilush-shaalihaati fayuwaffiihim ujuurahum wa yaziiduhum min fadhlihii wa ammal ladziinas tankafuu was takbaruu fayu'adzdzibahum 'adzaaban aliimaa. Walaa yajiduuna lahum min duunillaahi waliyyaw walaa nashiiraa.

174. He para manungsa, temen wus teka marang sira kabeh sawijining katerangan kang pratela saka ngarsaning Pangeranira, lan Ingsun wus anurunake marang sira kabeh sawijining Nur-Cahya, yaiku Quraan kang mradipta cetha.

١٧٤- يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاۗءَكُمْ بُرْهَانٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَاَنْزَلْنَآ اِلَيْكُمْ نُوْرًا مُّبِيْنًا ۝

Yaa ayyuhan naasu qad jaa-akum burhaanum mir rabbikum wa anzalnaa ilaikum nuuram mubiinaa.

175. Ana dene wong kang padha percaya ing Allah, lan gondhelan ing Quraan, Panjenengane Allah karsa anglebokake marang wong mau ana ing Rakhmate, Suwarga, lan Kanugerahan saka PanjenengaNe, sarta karsa anuduhake marang dheweke ing dalan kang jejeg.

١٧٥- فَاَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِاللّٰهِ وَاعْتَصَمُوْا بِهٖ فَسَيُدْخِلُهُمْ فِيْ رَحْمَةٍ مِّنْهُ وَفَضْلٍ ۙ وَّيَهْدِيْهِمْ اِلَيْهِ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ۝

Fa ammal ladziina aamanuu billaahi wa'tashamuu bihii fasayud khiluhum fii rahmatim minhu wa fadhliw wa yahdiihim ilaihi shiraatham mustaqiimaa.

276). Inggih punika para Malaikat ingkang ngadhep wonten pisowanan ing 'Arsy, antawisipun Jibril, Mikail, Israfil, Ridhwan lan ingkang tingkatanipun sami.

Hukum-waris Kalalah (ora duwe Bapa lan anak).

176. Wong-wong mau padha nyuwun katerangan hukum waris kalalah marang sira Muhammad. Mara dhawuha: "Allah arsa paring katerangan marang sira hukum waris wong lanang mati kang ora duwe ahli waris anak, nanging duwe sadulur-wadon, sadulure wadon mau oleh panduman saparone barang tinggalan; lan sadulur lanang oleh warisan kabeh harta-kayane sadurul wadon, manawa dheweke ora duwe anak; ananging manawa sadulur-wadon iku wong loro, mangka wong loro iki oleh panduman rong-paratelon saka harta-kaya tinggalan, ana dene manawa kang dadi waris mau sadulur-sadulur lanang, lan sadulur-sadulur wadon, mangka pandumane sadulur lanang siji padha karo pandumane sadulur-wadon loro. Allah anerangake hukum waris iku supaya sira nuhoni-pranatan aja nganti kasasar, dene Allah iku tansah Ngawuningani ing samubarang.***)

١٧٦. يَسْتَفْتُونَكَ قُلِ اللّٰهُ يُفْتِيكُمْ فِي الْكَلٰلَةِ إِنِ امْرُؤٌا
هَلَكَ لَيْسَ لَهُ وَلَدٌ وَّلَهُ أُخْتٌ فَلَهَا نِصْفُ مَا تَرَكَ
وَهُوَ يَرِثُهَا إِنْ لَّمْ يَكُنْ لَّهَا وَلَدٌ فَإِنْ كَانَتَا اثْنَتَيْنِ
فَلَهُمَا الثُّلُثٰنِ مِمَّا تَرَكَ وَإِنْ كَانُوٓا إِخْوَةً رِّجَالًا
وَّنِسَآءً فَلِلذَّكَرِ مِثْلُ حَظِّ الْأُنْثَيَيْنِ يُبَيِّنُ اللّٰهُ
ع ٢٣ لَكُمْ أَنْ تَضِلُّوا وَاللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ٥

Yastaftuunaka qulillaahu yuftiikum fil kalaalah, inimru-un halaka laisa lahuu waladuw walahuu ukhtun falahaa nishfu maa taraka wahuwa yaritsuhaa illam yakul lahaa waladun fa-in kaanatatsnataini falahumats tsulutsaani mimmaa taraka wa-in kaanuu ikhwatar rijaalaw wa nisaa-an falidzdzakari mitslu hazhzhil untsayain, yubayyinullaahu lakum an tadhilluu wallaahu bikulli syai-in 'aliim.

***). Sawatawis katerangan panutup, minangka seserepan tandhingan (comperative study) antawisipun Surat An Nisaa' kalayan Surat Al Maaidah, andharanipun makaten:

1. Surat An Nisaa' martelakaken Angger-Angger (Hukum), Pernatan-Pernatan sarta Norma-Norma ingkang secara umum, lan margining arahipun, dene ing Surat Al Maaidah ingkang anjlentrehaken sarta murih tambah gamblangipun.
2. Manawi Surat An Nisaa' kawiwitan sarana terminologi "Yaa ayyuhannaas!", artosipun "He para Manungsa!" punika cengkokipun basa sabangsa Makkiyyah, benten kaliyan sabangsa cengkok basa Madaniyyah, inggih punika "Yaa ayyuhal ladziina aamanuu!", artosipun "He wong-wong Mu'min!" Dening para Winasis ahli Tafsir dipun terangaken, bilih sanaosa benten cengkokipun basa, ananging arah tujuanipun tetep, inggih punika tumuju para Manungsa sajagad rat pramudita!
3. Surat An Nisaa' kathah anerangaken bab perjanjian-perjanjian sosial, kadosta salaki-rabi, nikah-tala' lan ruju', warisan, netepi janji lan sapiturutipun. Dene ing Surat Al Maaidah sarana cetha andhawuhaken supados anetepi janji ing Allah, lan janji ing antawisipun sami-sami manungsa (ing masyarakat utawi Negari). Inggih anetepi janji punika tumindak adil ingkang langkung celak dhumateng taqwa ing Allah, lan 'ibadah sosial ingkang dados soko-guru ingkang peng-pengan; langkung-langkung wonten ing madyaning Ekonomi, sintena cidra ing janji badhe dhawah kantep naminipun! Punapa malih cidra janji ing Allah (Agami), dhuh para sutrisna ageng sanget waladipun lan kasingkur dening Allah lan Masyarakat!

AL MAAIDAH (Rampadan)

Surat kaping 5 : 120 Ayat

Tumuruning Wahyu ana ing Madinah, tumurun sawuse Surat Al - Fat-h, kajaba ayat 3 tumurun ana ing 'Arafah nalika Hajji Wada'

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Panyampurnan tata-bina Diinul Islam.

1. He para wong Mu'min, sira padha anuhonana ing janji-janji. 277) Sakabehing rajakaya iku wus diparengake halal marang sira kabeh, kajaba kang bakal diwacakake ing sira, kang mangka sira ora padha ngalalake kewan buron ana ing nalika sira pinuju Ihram, sanyata Allah iku anetepake Hukum apa kang dadi karsaNe.

١ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَوْفُوْا بِالْعُقُوْدِ ۗ اُحِلَّتْ لَكُمْ بَهِيْمَةُ الْاَنْعَامِ اِلَّا مَا يُتْلٰى عَلَيْكُمْ غَيْرَ مُحِلِّى الصَّيْدِ وَاَنْتُمْ حُرُمٌ ۗ اِنَّ اللّٰهَ يَحْكُمُ مَا يُرِيْدُ ○

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu aufuu bil 'uquudi uhillat lakum bahiimatl an-'aami illaa maa yutlaa 'alaikum ghaira muhillish shaidi wa antum hurum, innallaaha yahkumu maa yuriid.

2. He para wong Mu'min, sira aja padha tumindak sakarep-karep ana ing wangenan-wangenaning Allah, 278) lan aja nerak kahurmataning sasi kang dimulyakake, 279) lan aja angganggu hewan kang gulune wus dikalungi tetenger bakal kanggo qurban, lan aja angganggu wong kang padha neja lelungan menyang Dalem Ka'bah kang Mulya ing Mekkah, karana angupaya kanugerahan 280) saka Pangeran Sesembahane, sarta karidlaning Allah. Nanging manawa sira wus rampung, yaiku tahallul anggonira nindakake Ibadah Haji sira padha diwenangake ambeburu hewan.

٢ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُحِلُّوْا شَعَآئِرَ اللّٰهِ وَلَا الشَّهْرَ الْحَرَامَ وَلَا الْهَدْيَ وَلَا الْقَلَآئِدَ وَلَآٓ آٰمِّيْنَ الْبَيْتَ الْحَرَامَ يَبْتَغُوْنَ فَضْلًا مِّنْ رَّبِّهِمْ وَرِضْوَانًا ۗ وَاِذَا حَلَلْتُمْ فَاصْطَادُوْا ۗ وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَاٰنُ قَوْمٍ اَنْ صَدُّوْكُمْ عَنِ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ اَنْ تَعْتَدُوْا ۘ وَتَعَاوَنُوْا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوٰى ۘ وَلَا تَعَاوَنُوْا عَلَى الْاِثْمِ وَالْعُدْوَانِ

277). Inggih punika janji dhumateng Allah, lan janji kaliyan Masyarakat, ingantawisipun manungsa tuwin manungsa (social contract).

278). Syiar-syiaring Allah utawi wewangenaning Allah inggih punika sadaya 'amalan ing salebeting Ibadat Hajji, upami maos Takbir, mragad kewan Qurban, lan sanes-sanesipun.

279). Ing wulan-wulan minulya (Zulkaedah, Zulhijjah, Muharram, lan Rajab) boten kenging peperangan.

280). Kanugerahan ing ngriki kauntungan ekonomi kanthi izin Allah.

Lan aja kongsi dumeh sira sengit marang sawijining golongan tertamtu sira angalang-alangi mlebu Masjidil Haram, kang biyen golongan mau wus tau angalang-alangi marang sira, kang mangkono iku anjalari sira tumindak angliwati wates. Ananging sira becik padha tulung-tinulung ana ing tindak kabecikan, sarta taqwa ing Allah, lan sira aja padha tulung-tinulung ing babagan laku dosa, lan memungsuhan. Sira padha wedia ing Allah, jalaran sajatine Allah iku abot panyiksane.

وَاتَّقُوا اللّٰهَ إِنَّ اللّٰهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tuhilluu sya'aa-irallaahi walasy syahral haraama walal had-ya walal qalaa-ida walaa aammiinal baital haraama yabtaghuuna tadhlam mir rabbihim wa ridhwaanaa, wa idzaa halaltum fash thaaduu walaa yajri mannakum syana-aanu qaumin an shadduukum 'anil masjidil haraami an ta'taduu wa ta'aawanuu 'alal itsmi wal 'udwaani wattaqullaaha innallaaha syadiidul 'iqaaab.

3. Diharamake tumrap sira kabeh mangan bathang, getih, [281] daging babi, lan kewan kang disembelih nalika nyembelihe ora nganggo nyebut asmaning Allah, uga kewan kang mati ditekak, dipenthung, lan kewan mati sebab tiba saka panggonan dhuwur, kewan mati dibijig, dimangsa dening sato galak, kajaba kewan kang katututan sira sembelih. [282] Lan sira diharamake mangan kewan kang disembelih ana sadhuwure papan panyembelihan khusus kanggo brahala. Lan diharamake tumrap sira angundhi nasib sarana undhian, kang kaya mangkono iku duraka. [283] Wiwit dina iki wong-wong kafir wus padha nglokro, [284] entek pengarep-arepe kanggo ngalahake Agamanira, mula saka iku sira aja wedi marang wong kafir, lan padha wedia marang PanjenenganIngsun. Wiwit dina iku Ingsun wus anyampurnakake Agamanira kanggo sira kabeh, sarta Ingsun wus anyukupake Kani'matanIngsun kanggo sira kabeh, lan Ingsun wus paring-restu ridla Islam dadi Agamanira. Ananging sing sapa kang kapeksa ana ing waktu luwe, [285] tur watone ora anjarag laku dosa, mangka satemene Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٣- حُرِّمَتْ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةُ وَالدَّمُ وَلَحْمُ الْخِنْزِيرِ وَ
مَا أُهِلَّ لِغَيْرِ اللّٰهِ بِهِ وَالْمُنْخَنِقَةُ وَالْمَوْقُوذَةُ وَالْمُتَرَدِّيَةُ
وَالنَّطِيحَةُ وَمَا أَكَلَ السَّبُعُ إِلَّا مَا ذَكَّيْتُمْ وَمَا ذُبِحَ
عَلَى النُّصُبِ وَأَنْ تَسْتَقْسِمُوا بِالْأَزْلَامِ ذٰلِكُمْ فِسْقٌ
الْيَوْمَ يَئِسَ الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ دِينِكُمْ فَلَا تَخْشَوْهُمْ
وَاخْشَوْنِ الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتْمَمْتُ عَلَيْكُمْ
نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا فَمَنِ اضْطُرَّ فِي
مَخْمَصَةٍ غَيْرَ مُتَجَانِفٍ لِإِثْمٍ فَإِنَّ اللّٰهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Hurrimat 'alaikumul maitatu waddamu wa lahmul khinziiri wamaa uhilla lighairillaahi bihii wal munkhaniqatu wal mauquudzatu wal mutaraddiyatu wan nathiihatu wamaa akalas sabu'u illaa maa dzakkaitum wamaa dzubiha 'alan nushubi wa an tastaqsimuu bil azlaami dzaalikum fisq, al yauma ya-isal ladziina kafaruu min diinikum falaa takhsyauhum wakhsyauni, al yauma akmaltu lakum diinakum wa atmamtu 'alaikum

281). Kados ingkang kasebat surat An Aam ayat 145, inggih punika rah ingkang medal saking badaning kewan.

282). Kewan ingkang katlindhes, kajepit, kathuthuk, dhawah, utawi dipun tubruk sato kewan galak (mobil), punika manawi meh pejah katututan dipun sembelih sarana maos Bismillahirrahmanirrahiim hukumipun halal.

283). Undhian cara Arab Jahiliyah ingkang dipun haramaken wau makaten: jemparing tiga ingkang dereng ngangge wulu, dipun serati seratan tigang warni, "sae dipun tindakaken", "boten sae katindakaken", "kosong". Dene manawi "kosong" dipun wangsuli malih.

284). Inggih punika wiwit dinten Hajji Wada', hajji akhir Rasulullah s.a.w. tindak hajji, ba'da punika lajeng seda!

285). Kapeksa boten wonten sanes kajawi nedha tetedhan haram, yen boten nedha saged anjalari bebaya, utawi pejah, punika halal. Manawi taksih wonten jambu, punapa katela, nedha ingkang haram, boten kenging.

ni'matii wa radhiitu lakumul islaama diinaa, famanidh thurra fii makhmashatin ghaira mutajaanifil li-itsmin fa-innallaaha ghafuurur rahiim.

4. Wong-wong mau padha pitakon marang sira Muhammad: "Apa maneh barang kang dihalalake marang dheweke?". Dhawuha sira Muhammad: "Dihalalake tumrap sira samubarang kang becik-becik, lan apa-apa kang wus sira ajarake marang kewan-kewan pambedhag, sarta kewan mau pancen wus kalatih kulina ambebedhag, sira padha nglelatih marang kewan mau kaya anggone Allah wus mulang-muruk marang sira, 286) mangka sira padha mangana ing sadhengah kewan kang wus ditangkep kanggo sira dening kewan pambedhag mau, ananging sira padha nyebuta ing asmaning Allah kalane sira nglepasi kewan-kewan mau, 287) sira padha wedia ing Allah, sanyata Allah iku rikat banget pangisabe".

٤ - يَسْـَٔلُونَكَ مَاذَآ أُحِلَّ لَهُمْ ۖ قُلْ أُحِلَّ لَكُمُ ٱلطَّيِّبَٰتُ ۙ
وَمَا عَلَّمْتُم مِّنَ ٱلْجَوَارِحِ مُكَلِّبِينَ تُعَلِّمُونَهُنَّ مِمَّا
عَلَّمَكُمُ ٱللَّهُ ۖ فَكُلُوا۟ مِمَّآ أَمْسَكْنَ عَلَيْكُمْ وَٱذْكُرُوا۟ ٱسْمَ
ٱللَّهِ عَلَيْهِ ۖ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ۝

Yas-aluunaka maadzaa uhilla lahum qul uhilla lakumuth thayyibaatu wamaa allamtum minal jawaarihi mukallibiina tu'allimuuna hunna mimmaa 'allama kumullaahu fakuluu mimmaa amsakna 'alaikum wadzkurus mallaahi 'alaihi wattaqullaaha innallaaha sarii'ul hisaab.

5. Dina iki dihalalake tumrap sira, sakabehe kang becik-becik, lan sesembelihane wong-wong kang padha diparingi Kitab iku halal tumrap sira, lan sesembelihanira iku uga halal tumrap dheweke. Lan halal angrabeni wong wadon kang anjaga kahormatan saka wong-wong wadon Mu'min, lan wong wadon kang anjaga kahormatan, 288) wus diparingi Kitab saka sadurungira, manawa sira menehi maskawin marang dheweke; karana sira alap bojo ora karana zina sarta ora karana sira nganggep kekasih, gundhik. Dene sing sapa kang bali kafir sawuse iman, ora ngetrapake hukum-hukum Islam, mangka yekti bakal lebur kabeh amale, lan dheweke ana ing Akherat kalebu golongane wong-wong kang padha kapitunan.

٥ - ٱلْيَوْمَ أُحِلَّ لَكُمُ ٱلطَّيِّبَٰتُ ۖ وَطَعَامُ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ
حِلٌّ لَّكُمْ ۖ وَطَعَامُكُمْ حِلٌّ لَّهُمْ ۖ وَٱلْمُحْصَنَٰتُ مِنَ
ٱلْمُؤْمِنَٰتِ وَٱلْمُحْصَنَٰتُ مِنَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ
مِن قَبْلِكُمْ إِذَآ ءَاتَيْتُمُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ مُحْصِنِينَ
غَيْرَ مُسَٰفِحِينَ وَلَا مُتَّخِذِىٓ أَخْدَانٍ ۗ وَمَن يَكْفُرْ
بِٱلْإِيمَٰنِ فَقَدْ حَبِطَ عَمَلُهُۥ وَهُوَ فِى ٱلْءَاخِرَةِ مِنَ
ٱلْخَٰسِرِينَ ۝ ع

Al yauma uhilla lakumuth thayyibaatu wa tha'aamul ladziina uutul kitaaba hillul lakum wa tha'aamukum hillul lahum wal muh-shanaatu minal mu'minaati wal muh-shanaatu minal ladziina uutul kitaaba min qablikum idzaa aataitumuu hunna ujuurahunna muh-shiniina ghaira musaafihiina walaa muttakhidzii akhdaan, wamay yakfur bil iimaani faqad habitha 'amaluhuu wahuwa fil aakhirati minal khaasiriin.

286). Maksudipun Allah s.w.t. paring ilham dhumateng manungsa ingkang gadhah reka daya anggeladi kewan bedhagan, anggegulang disiplin lan kasagedan sebab saking kulina utawi insting. Kewan bedhagan wau prigel nyokot, nanging boten purun nedha!

287). Nyebat utawi maos **Bismillahirrahmaanirrohiim** punika minangka gantosipun ing nalika kewan bedhagan wau nyakot kewan ingkang dipun bedhag.

288). Saweneh ahli Tafsir anerangaken wanita mardika.

٦ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا قُمْتُمْ اِلَى الصَّلٰوةِ فَاغْسِلُوْا
وُجُوْهَكُمْ وَاَيْدِيَكُمْ اِلَى الْمَرَافِقِ وَامْسَحُوْا بِرُءُوْسِكُمْ
وَاَرْجُلَكُمْ اِلَى الْكَعْبَيْنِ ۭ وَاِنْ كُنْتُمْ جُنُبًا فَاطَّهَّرُوْا ۭ
وَاِنْ كُنْتُمْ مَّرْضٰٓى اَوْ عَلٰي سَفَرٍ اَوْ جَاۗءَ اَحَدٌ مِّنْكُمْ مِّنَ
الْغَاۗىِٕطِ اَوْ لٰمَسْتُمُ النِّسَاۗءَ فَلَمْ تَجِدُوْا مَاۗءً فَتَيَمَّمُوْا
صَعِيْدًا طَيِّبًا فَامْسَحُوْا بِوُجُوْهِكُمْ وَاَيْدِيْكُمْ مِّنْهُ ۭ
مَا يُرِيْدُ اللّٰهُ لِيَجْعَلَ عَلَيْكُمْ مِّنْ حَرَجٍ وَّلٰكِنْ يُّرِيْدُ
لِيُطَهِّرَكُمْ وَلِيُتِمَّ نِعْمَتَهٗ عَلَيْكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa qumtum ilash shalaati faghsiluu wujuuhakum wa aidiyakum ilal maraafiqi wamsahuu bi ru-uusikum wa arjulakum ilal ka'baini wa inkuntum junuban faththahharuu wa inkuntum mardhaa au 'alaa safarin au jaa-a ahadum minkum minal ghaa-ithi au laamastumun nisaaa falam tajiduu maa-an fatayammamuu sha'iidan thayyiban famsahuu biwujuuhikum wa aidiyakum minhu maa yuriidullaahu liyaj'ala 'alaikum min harajiw walaakiy yuriidu liyuthahhirakum waliyutimma ni'matahuu 'alaikum la'allakum tasykuruun.

6. He para wong Mu'min, manawa sira padha sumadya ngadeg karana arep nindakake sholat, mangka supaya sira padha masuha rahi-rahinira lan tangan-tanganira tumeka ing sikut, lan sira padha ngusapa sirah-sirahira, lan masuha sikil-sikilira tumeka ing kemiri; lan manawa sira pinuju junub, mangka sira padha nindakna adus-gedhe; dene manawa sira pinuju lara, 289) utawa lelungan, utawa salah sawijinira teka saka jamban, (kamar w.c.) utawa sira nyenggol wong wadon, 290) mangka sira ora bisa oleh banyu kanggo sesuci, kena sira padha tayammum nganggo lebu kang suci-resik, carane yaiku supaya sira padha angusapa ing rahi-rahinira, lan tangan-tanganira kalawan lebu mau. Allah iku ora karsa gawe kangelanira, ananging Panjenengane karsa angresiki ing sira saka sakabehing dosa, lan kaluputan, uga karsa anyampurnakake kani'matane marang sira, supaya sira padha asesanti dahat syukur ing Pangeran.

٧ - وَاذْكُرُوْا نِعْمَةَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ وَمِيْثَاقَهُ الَّذِيْ وَاثَقَكُمْ
بِهٖٓ ۙ اِذْ قُلْتُمْ سَمِعْنَا وَاَطَعْنَا ۡ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۭ اِنَّ اللّٰهَ
عَلِيْمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝

Wadzkuruu ni'matallaahi 'alaikum wa miitsaaqahul ladzii waatsaqakum bihii idz qultum sami'naa wa atha'naa wattaqullaaha innallaaha 'aliimum bidzaatish shuduur.

7. Lan sira padha elinga ing kani'mataning Allah kang wus kaparingake marang sira kabeh, lan padha elinga ing janjining Allah kang Panjenengane wus anjanjekake 291) bab iku marang sira kabeh, yaiku nalika sira padha angucap: "Kita sampun sami mireng sarta kita badhe andherek", lan sira padha wedia ing Allah, jalaran Allah iku Maha Ngawuningani barang kang ana ing telenging ati".

Ber budhi bawa laksana, adil lan jujur.

٨ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كُوْنُوْا قَوّٰمِيْنَ لِلّٰهِ شُهَدَاۗءَ بِالْقِسْطِ ۡ

8. He para wong Mu'min, sira iku padha dadia wong kang tumindak adil, amrih tan-

289). Sakit ingkang boten kenging mambet toya.

290). Miturut para Jumhur maksudipun "senggolan", dene miturut para ahli Tafsir maksudipun "saresmi".

291). Inggih perjanjian badhe ngestokaken sarta ta'at ing Nabi nalika ikrar wekdal bai'at (ikrar prasetya).

sah ngedegake barang bener karana Allah, lan dadi saksi kalawan adil; lan aja nganti anggonmu gething marang sawijining golongan: nyebabake sira ora tumindak adil; sira padha tumindaka adil jalaran tindak-adil iku luwih cedhak marang taqwa ing Allah, lan padha wedia ing Allah, jalaran Allah iku Maha Waspada ing samubarang kang padha sira tindakake.

وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَاٰنُ قَوْمٍ عَلٰٓى اَلَّا تَعْدِلُوْا ۭ اِعْدِلُوْا ۣ هُوَ اَقْرَبُ لِلتَّقْوٰى ۡ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۭ اِنَّ اللّٰهَ خَبِيْرٌۢ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu kuunuu qawwaamiina lillaahi syuhadaa-a bilqisthi walaa yajri mannakum syana-anu qaumin 'alaa allaa ta'diluu i'diluu huwa aqrabu littaqwaa wattaqullaaha innallaaha khabiirum bimaa ta'maluun.

9. Allah wus anjanji marang wong-wong kang padha percaya, sarta kang padha tumindak becik, manawa wong-wong mau bakal nampa pangapura lan nugraha kang Agung.

٩ - وَعَدَ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ ۙ لَهُمْ مَّغْفِرَةٌ وَّاَجْرٌ عَظِيْمٌ ۝

Wa 'addallaahul ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lahum maghfiratuw wa ajrun 'azhiim.

10. Ana dene wong-wong kang padha kafir lan anggorohake marang ayat-ayatIngsun, wong kang mangkono iku bakal dadi isen-isening Naraka Jahim.

١٠ - وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَكَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَآ اُولٰۗىِٕكَ اَصْحٰبُ الْجَحِيْمِ ۝

Walladziina kafaruu wa kadzdzabuu bi aayaatinaa ulaa-ika ash-haabul jahiim.

11. He para wong Mu'min, sira padha elinga kani'mataning Allah kang wus kaparingake marang sira, dhuk nalika ana sawijining golongan kang sumeja gawe piala marang sira, nuli PanjenengaNe Allah nulak murungake kabeh pialane wong mau saka sira, mula sira padha wedia ing Allah, lan marang Allah wong-wong Mu'min supaya padha tawakkal.

١١ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اذْكُرُوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ اِذْ هَمَّ قَوْمٌ اَنْ يَّبْسُطُوْٓا اِلَيْكُمْ اَيْدِيَهُمْ فَكَفَّ اَيْدِيَهُمْ عَنْكُمْ ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۭ وَعَلَى اللّٰهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُوْنَ ۝ ع ٢ ٦

Yaa ayyuhal ladziina aamanudz-kuruu ni'matallaahi 'alaikum idz hamma qaumun ay yabsuthuu ilaikum aidiyahum fakaffa aidiyahum 'ankum wattaqullaaha wa 'alallaahi falyatawakkalil mu'minuun.

Wong Yahudi lan Nasrani ingkar ing janji.

12. Lan sanyata Allah wus amundhut perjanjian marang Bani Israil, supaya padha merangi Bani Kan'an ing talatah Negara Syam, lan Ingsun wus angutus saka wong mau Tetuwa rolas, lan Allah wus dhawuh: "Sanyata Ingsun iku ngantheni sira, satemene manawa sira padha anindakake Sholat, aweh Zakat, lan iman marang para andika Rasul-Ingsun, sarta padha ambiyantu para Utusan mau, lan padha ngutangi ing Allah kalawan

١٢ - وَلَقَدْ اَخَذَ اللّٰهُ مِيْثَاقَ بَنِيْٓ اِسْرَاۗءِيْلَ ۚ وَبَعَثْنَا مِنْهُمُ اثْنَيْ عَشَرَ نَقِيْبًا ۭ وَقَالَ اللّٰهُ اِنِّىْ مَعَكُمْ ۭ لَىِٕنْ اَقَمْتُمُ الصَّلٰوةَ وَاٰتَيْتُمُ الزَّكٰوةَ وَاٰمَنْتُمْ بِرُسُلِيْ وَعَزَّرْتُمُوْهُمْ وَاَقْرَضْتُمُ اللّٰهَ قَرْضًا حَسَنًا لَّاُكَفِّرَنَّ عَنْكُمْ سَيِّاٰتِكُمْ وَلَاُدْخِلَنَّكُمْ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ ۚ فَمَنْ

piutang kabecikan,[292] yekti Ingsun ngapura ing sakabehe dosanira, lan Ingsun mesthi anglebokake sira kabeh ing Suwarga kang sangisore ana kaline mili, mula saka iku, sapa wonge kang kafir saka sira sawuse iku, sayekti dheweke kesasar saka dalan kang jejeg.

كَفَرَ بَعْدَ ذٰلِكَ مِنْكُمْ فَقَدْ ضَلَّ سَوَآءَ السَّبِيْلِ ۝

Walaqad akhadzallaahu miitsaaqa banii israa-iila wa ba'atsnaa minhumuts-nai 'asyara naqiibaw wa qaalallaahu innii ma'akum la-in aqamtumush shalaata wa aataitumuz zakaata wa aamantum birusulii wa azzartumuuhum wa aqradhtumullaaha qardhan hasanal la-ukaffiranna 'ankum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru faman kafara ba'da dzaalika minkum faqad dhalla sawaa-as sabiil.

13. Jalaran wong-wong mau padha ngrusak ing perjanjiane, Ingsun nuli matrapake bebendu marang wong-wong mau, lan Ingsun andadekake atine wong-wong mau padha atos. Dheweke padha kumawani angowahi Kalimah sabda-pangandikaning Allah saka panggonane,[293] lan dheweke uga padha nglirwakake sabagean saka isining Kitab kang pinangka pepeling tumrap dheweke, uga sira tansah weruh manawa laku cidra iku tuwuhe saka wong-wong mau, kajaba sing ora mung wong sathithik. Jalaran saka iku sira ngapuraa saka tindake wong mau, lan togna bae, sanyata Allah iku remen marang wong kang padha tumindak becik.

١٣. فَبِمَا نَقْضِهِمْ مِّيْثَاقَهُمْ لَعَنّٰهُمْ وَجَعَلْنَا قُلُوْبَهُمْ قٰسِيَةً ۚ يُحَرِّفُوْنَ الْكَلِمَ عَنْ مَّوَاضِعِهٖ ۙ وَنَسُوْا حَظًّا مِّمَّا ذُكِّرُوْا بِهٖ ۚ وَلَا تَزَالُ تَطَّلِعُ عَلٰى خَآئِنَةٍ مِّنْهُمْ اِلَّا قَلِيْلًا مِّنْهُمْ فَاعْفُ عَنْهُمْ وَاصْفَحْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

Fabimaa naqdhihim miitsaaqahum la'annaahum waja'alnaa quluubahum qaasiyatay yuharrifuunal kalima 'am mawaadhi'ihii wanasuu hazhzham mimmaa dzukkiruu bihii walaa tazaalu taththali'u 'alaa khaa-inatim minhum illaa qaliilam minhum fa'fu 'anhum washfah innallaaha yuhibbul muhsiniin.

14. Lan Ingsun wus gawe perjanjian marang wong kang padha ngucap: "Kita iki wong Nasrani", ananging dheweke padha anglirwakake sabageyan saka isining Al Kitab kang didadekake minangka pepeling tumrap dheweke, nuli Ingsun tuwuhake memungsuhan lan gegethingan ing antarane wong-wong mau kongsi tumeka Dina Qiyamat, lan Allah bakal anjelentrehake marang wong-wong mau sakehe perkara kang wus padha ditindakake.

١٤. وَمِنَ الَّذِيْنَ قَالُوْٓا اِنَّا نَصٰرٰٓى اَخَذْنَا مِيْثَاقَهُمْ فَنَسُوْا حَظًّا مِّمَّا ذُكِّرُوْا بِهٖ ۠ فَاَغْرَيْنَا بَيْنَهُمُ الْعَدَاوَةَ وَالْبَغْضَآءَ اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ ۭ وَسَوْفَ يُنَبِّئُهُمُ اللّٰهُ بِمَا كَانُوْا يَصْنَعُوْنَ ۝

Wa innal ladziina qaaluu innaa nashaaraa akhadznaa miitsaaqahum fanasuu hazhzham mimmaa dzukkiruu bihii faaghrainaa bainahumul 'adaawata wal baghdhaa-a ilaa yaumil qiyaamati wa saufa yunabbi-u humullaahu bimaa kaanuu yashna'uun.

15. He para wong ahli Kitab, yekti wus rawuh ing sira UtusanIngsun kang anerang-

١٥. يٰٓاَهْلَ الْكِتٰبِ قَدْ جَآءَكُمْ رَسُوْلُنَا يُبَيِّنُ لَكُمْ كَثِيْرًا

292). Inggih punika amal shaleh sarana bandha ingkang ikhlas karana Allah s.w.t.

293). Tegesipun ngewahi, nambah utawi ngirangi ngantos beda kaliyan aslinipun lan ewah maksudipun.

nerangake marang sira sakehe barang kang padha sira umpetake saka Kitab, kaya dene bakal rawuhe Rasul Muhammad, lan panjenengane Rasul mau tansah angapura saka kaluputanira. Yekti wus teka ing sira kabeh kalawan iki Quraan, Cahya 294) saka ngarsaning Allah, sarta Kitab kang anerangake.

مِمَّا كُنْتُمْ تُخْفُوْنَ مِنَ الْكِتٰبِ وَيَعْفُوْا عَنْ كَثِيْرٍ ۗ قَدْ جَآءَكُمْ مِّنَ اللّٰهِ نُوْرٌ وَّكِتٰبٌ مُّبِيْنٌ ۙ

Yaa ahlal kitaabi qad jaa-akum rasuulunaa yubayyinu lakum katsiiram mimmaa kuntum tukhfuuna minal kitaabi waya'fuu 'an katsiirin qad jaa-akum minallaahi nuuruw wa kitaabum mubiin.

16. Sarana Kitab Quraan iku Allah anuduhake wong kang andherek sing dadi kaparenging karsaNe ana ing marganing karaharjan, sarta kalawan Quraan iku PanjenengaNe angetokake wong-wong mau saka pepeteng marang pepadhang kalawan IdziNe, lan kalawan Quraan iku Panjenengane anuduhake wong-wong mau marang dedalan kang lempeng.

١٦- يَّهْدِيْ بِهِ اللّٰهُ مَنِ اتَّبَعَ رِضْوَانَهٗ سُبُلَ السَّلٰمِ وَيُخْرِجُهُمْ مِّنَ الظُّلُمٰتِ اِلَى النُّوْرِ بِاِذْنِهٖ وَيَهْدِيْهِمْ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Yahdii bihillaahu manittaba'a ridhwaanahuu subulas-salaami wa yukhrijuhum minadh dhulumaati ilan nuuri bi idznihii wa yahdiihim ilaa shiraathim mustaqiim.

17. Yekti wus kafir wong kang padha ngucap: "Sanyata Allah iku hiya Al Masih putra Maryam". Dhawuha sira Muhammad: "Mangka sapa ta ana jalma manungsa kang bisa nulak karsaning Allah, manawa PanjenengaNe karsa angrusak Al Masih putrane Maryam, lan Ibune pisan, sarta wong-wong kang ana ing Bumi kabeh?". Lan kabeh kagunganing Allah, karatoning Langit lan Bumi, lan barang kang ana ing antarane. PanjenengaNe Allah anitahake samubarang kang dadi kaparenging karsaNe, jalaran Allah iku Maha Kuwasa ing samubarang.

١٧- لَقَدْ كَفَرَ الَّذِيْنَ قَالُوْٓا اِنَّ اللّٰهَ هُوَ الْمَسِيْحُ ابْنُ مَرْيَمَ ۗ قُلْ فَمَنْ يَّمْلِكُ مِنَ اللّٰهِ شَيْـًٔا اِنْ اَرَادَ اَنْ يُّهْلِكَ الْمَسِيْحَ ابْنَ مَرْيَمَ وَاُمَّهٗ وَمَنْ فِى الْاَرْضِ جَمِيْعًا ۗ وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۗ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَىْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Laqad kafaral ladziina qaaluu innallaaha huwal masiihubnu maryama qul famay yamliku minallaahi syai-an in araada ayyuhlikal masiihabna maryama wa ummahuu waman fil ardhi jamii'aw walillaahi mulkus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa yakhluqu maa yasyaa-u wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

18. Lan wong-wong Yahudi sarta wong-wong Nasrani wus angucap: "Kita kabeh iku putraning Allah lan kekasihe". Dhawuha sira Muhammad: "Yen mangkono, ketemu pirang perkara teka Allah nyiksa marang sira kabeh, jalaran dosa-dosanira? Sajatine sira iku harak mung manungsa ora beda kaya titahing Allah kang liya-liya bae. PanjenengaNe paring pangapura marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan mung kagunganing Allah piyambak karatoning Langit sarta Bumi, apadene

١٨- وَقَالَتِ الْيَهُوْدُ وَالنَّصٰرٰى نَحْنُ اَبْنٰٓؤُا اللّٰهِ وَاَحِبَّآؤُهٗ ۗ قُلْ فَلِمَ يُعَذِّبُكُمْ بِذُنُوْبِكُمْ ۗ بَلْ اَنْتُمْ بَشَرٌ مِّمَّنْ خَلَقَ ۗ يَغْفِرُ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيُعَذِّبُ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۗ وَاِلَيْهِ الْمَصِيْرُ ۝

Wa qaalatil yahuudu wan nashaaraa nahnu abnaa-ullaahi wa ahibbaa-uhuu qul falima yu'adzdzibukum bidzunuubikum bal antum basyarum mimman khalaqa yaghfiru liman yasyaa-u wa yu'adzdzibu

294). Cahya maksudipun Nabi Muhammad s.a.w.

barang kang ana ing antarane, sarta marang PanjenengaNe kabeh bakal padha disowanake.

may yasyaa-u walillaahi mulkus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa wa ilaihil mashiir.

19. He para ahli Kitab, sanyata wus rawuh ing sira UtusanIngsun Muhammad kang anerangake marang sira kabeh sawuse pedhoting para andika Rasul, supaya sira aja nganti padha angucap: "Kita punika dereng nate karawuhan Rasul ingkang angebang-ebang tuwin tiyang ingkang paring pepenget". Ananging satemene wus rawuh ing sira kabeh sawijining Rasul kang angebang-ebang sarta paring pepeling, lan Allah iku kang Maha Kuwasa ing samubarang.

١٩. يٰٓأَهْلَ الْكِتٰبِ قَدْ جَآءَكُمْ رَسُوْلُنَا يُبَيِّنُ لَكُمْ عَلٰى فَتْرَةٍ مِّنَ الرُّسُلِ اَنْ تَقُوْلُوْا مَا جَآءَنَا مِنْ بَشِيْرٍ وَّلَا نَذِيْرٍ فَقَدْ جَآءَكُمْ بَشِيْرٌ وَّنَذِيْرٌ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Yaa ahlal kitaabi qad jaa-akum rasuulunaa yubayyinu lakum 'alaa fatratim minarrusuli an taquuluu maa jaa-anaa mim basyiiriw walaa nadziirin faqad jaa-akum basyiiruw wa nadziiruw wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

Murka-angkaraning Yahudi ing parentahing Nabi Musa a.s. mlebu Palestina, lan akibate.

20. Lan elinga nalikane Nabi Musa dhawuh marang kaume: "He kaumku, sira padha elinga ing kani'mataning Allah kang wus diparingake marang sira kabeh, yaiku dhuk nalika PanjenengaNe andamel (angutus) para andika Nabi tumrap sira kabeh, lan PanjenengaNe andadekake sira dadi Raja-Raja, lan PanjenengaNe wus maringi ing sira barang kang durung tau diparingake marang wong siji bae sa'alam kabeh.

٢٠. وَاِذْ قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهٖ يٰقَوْمِ اذْكُرُوْا نِعْمَةَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ اِذْ جَعَلَ فِيْكُمْ اَنْۢبِيَآءَ وَجَعَلَكُمْ مُّلُوْكًا ۖ وَّاٰتٰىكُمْ مَّا لَمْ يُؤْتِ اَحَدًا مِّنَ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Wa idz qaala muusaa liqaumihii yaa qaumidzkuruu ni'matallaahi 'alaikum idz ja'ala fiikum ambiyaa-a wa ja'ala kum muluukaw wa aataakum maalam yu'ti ahadam minal 'aalamiin.

21. He kaumku, sira padha lumebua ana ing Bumi suci (Palestina) kang Allah wus namtokake kanggo papan panggonanira, 295) lan sira aja kongsi mundur angucira, kang mangkono iku mundhak anjalari sira kabeh dadi wong kang padha kapitunan!".

٢١. يٰقَوْمِ ادْخُلُوا الْاَرْضَ الْمُقَدَّسَةَ الَّتِيْ كَتَبَ اللّٰهُ لَكُمْ وَلَا تَرْتَدُّوْا عَلٰٓى اَدْبَارِكُمْ فَتَنْقَلِبُوْا خٰسِرِيْنَ ۝

Yaa qaumid khulul ardhal muqaddasatal latii kataballaahu lakum walaa tartadduu 'alaa adbaarikum fatanqalibuu khaasiriin.

22. Wong-wong mau padha matur: "Dhuh Nabi Musa, saestunipun ing salebeting Negari punika wonten tiyang ingkang anindhes tuwin anganiaya, kita boten badhe purun lumebet ing ngriku, kejawi yen piyambakipun sampun sami medal, lajeng kula sadaya inggih sandika badhe lumebet".

٢٢. قَالُوْا يٰمُوْسٰٓى اِنَّ فِيْهَا قَوْمًا جَبَّارِيْنَ ۖ وَاِنَّا لَنْ نَّدْخُلَهَا حَتّٰى يَخْرُجُوْا مِنْهَا ۚ فَاِنْ يَّخْرُجُوْا مِنْهَا فَاِنَّا دٰخِلُوْنَ ۝

295). Tanah air Palestina punika katamtokaken dening Allah kangge kaum Yahudi, salaminipun sami iman sarta ta'at ing Allah s.w.t.

Qaaluu yaa muusaa inna fiihaa qauman jabbaariina wa innaa lan nad khulahaa hattaa yakhrujuu minhaa fa-iyyakhrujuu minhaa fa-innaa daakhiluun.

23. Ature wong loro saka golongane wong kang padha wedi awit Allah wus paring ni'mat (mental) kekendelan marang sakarone mau: "Sira padha mlebua lawange iku Negara, perlu numpes wong-wong kang ana ing kono, jalaran manawa sira wis padha mlebu ing kono, sira mesthi bisa menang, lan sira kabeh padha tawakkala marang Allah, yen nyata sira iku Mu'min".

٢٣- قَالَ رَجُلَانِ مِنَ الَّذِينَ يَخَافُونَ أَنْعَمَ اللَّهُ عَلَيْهِمَا ادْخُلُوا عَلَيْهِمُ الْبَابَ فَإِذَا دَخَلْتُمُوهُ فَإِنَّكُمْ غَالِبُونَ ۚ وَعَلَى اللَّهِ فَتَوَكَّلُوا إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ ۝

Qaala rajulaani minal ladziina yakhaafuuna an'amallaahu 'alaihimad-khuluu 'alaihimul baaba fa-idzaa dakhaltumuuhu fa-innakum ghaalibuuna wa 'alallaahi fatawakkaluu inkuntum mu'miniin.

24. Wong-wong mau padha matur: "Dhuh Nabi Musa, yektos kita boten badhe lumebet ing Negari punika salaminipun, manawi piyambakipun sami taksih wonten ing ngriku. Ingkang prayogi panjenengan kaliyan Pangeran panjenengan kemawon merangi rumiyin dhumateng tiyang-tiyang ing ngriku, dene kita badhe lalinggihan (santai) wonten ing ngriki".

٢٤- قَالُوا يَا مُوسَى إِنَّا لَنْ نَدْخُلَهَا أَبَدًا مَا دَامُوا فِيهَا فَاذْهَبْ أَنْتَ وَرَبُّكَ فَقَاتِلَا إِنَّا هَاهُنَا قَاعِدُونَ ۝

Qaaluu yaa muusaa innaa lan nad khulahaa abadam maa daamuu fiihaa fadzhab anta wa rabbuka faqaatilaa innaa haahunaa qaa'iduun.

25. Nabi Musa munjuk ing Allah: "Dhuh Pangeran kula, saestunipun kula boten saged anguwaosi kajawi badan kula tuwin sedherek kula. Pramila mugi Paduka amisahaken antawis kita lan antawisipun golongan ingkang sami duraka".

٢٥- قَالَ رَبِّ إِنِّي لَا أَمْلِكُ إِلَّا نَفْسِي وَأَخِي فَافْرُقْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ الْقَوْمِ الْفَاسِقِينَ ۝

Qaala rabbi innii laa amliku illaa nafsii wa akhii fafruq bainanaa wa bainal qaumil faasiqiin.

26. Allah paring pangandika: "Satemene Negara Suci iku diharamake tumrap wong-wong mau lawase patang puluh tahun, wong-wong mau padha bingung bilulungan kasasar-sasar ana ing Bumi. Jalaran saka iku, sira Musa, aja kongsi susah marga solah tingkahe wong-wong kang padha fasik iku".

٢٦- قَالَ فَإِنَّهَا مُحَرَّمَةٌ عَلَيْهِمْ أَرْبَعِينَ سَنَةً يَتِيهُونَ فِي الْأَرْضِ ۗ فَلَا تَأْسَ عَلَى الْقَوْمِ الْفَاسِقِينَ ۝

Qaala fa-innahaa muharramatun 'alaihim arba'iina sanatay yatiihuuna fil ardhi falaa ta'sa 'alal qaumil faasiqiin.

Rajapati zaman Habil lan Qabil putra Nabi Adam a.s.

27. He Muhammad, sira macakna marang ummatira bab sejarahe putrane loro Nabi Adam, Habil lan Qabil, kalawan bukti sejarah kang bener, yaiku nalika sakarone padha cahos qurban sawijining qurban, mangka kang siji katampa lan sijine ora katampa. Dheweke kang ora katampa iku angucap:

٢٧- وَاتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ ابْنَيْ آدَمَ بِالْحَقِّ إِذْ قَرَّبَا قُرْبَانًا فَتُقُبِّلَ مِنْ أَحَدِهِمَا وَلَمْ يُتَقَبَّلْ مِنَ الْآخَرِ ۚ قَالَ لَأَقْتُلَنَّكَ ۖ قَالَ إِنَّمَا يَتَقَبَّلُ اللَّهُ مِنَ الْمُتَّقِينَ ۝

"Satemene aku mesthi mateni kowe". Dheweke kang katampa amangsuli: "Satemene Allah hamung anampa qurban saka amale wong kang padha taqwa ing PanjenengaNe".

Watlu 'alaihim naba-abnai aadama bil haqqi idz qarrabaa qurbaanan fatuqubbila min ahadihimaa walam yutaqabbal minal aakhari qaala la-aqtulannaka qaala innamaa yataqabbalullaahu minal muttaqiin.

28. "Manawa kowe nibakake tanganmu marang aku perlu mateni aku, aku ora bakal males angulurake tanganku marang kowe kang perlune arep mateni kowe, jalaran aku wedi marang Allah Pangeraning kabeh 'alam".

٢٨- لَئِنْ بَسَطْتَ اِلَيَّ يَدَكَ لِتَقْتُلَنِيْ مَآ اَنَا بِبَاسِطٍ يَّدِيَ اِلَيْكَ لِاَقْتُلَكَ ۚ اِنِّيْٓ اَخَافُ اللّٰهَ رَبَّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

La-im basathta ilayya yadaka litaqtulanii maa ana bibaasithiy yadiya ilaika liaqtulaka innii akhaafullaaha rabbal 'aalamiin.

29. Satemene kang dak karepake supaya kowe bali, banjur mati mikul dosaku lan dosamu dhewe, supaya kowe dadi ewone wong ahli Neraka, sarta kang mangkono iku piwalese wong kang padha anganiaya.

٢٩- اِنِّيْٓ اُرِيْدُ اَنْ تَبُوْٓاَ بِاِثْمِيْ وَاِثْمِكَ فَتَكُوْنَ مِنْ اَصْحٰبِ النَّارِ ۚ وَذٰلِكَ جَزٰٓؤُا الظّٰلِمِيْنَ ۝

Innii uriidu an tabuu'a bi itsmii wa itsmika fatakuuna min ash-haabin naari wa dzaalika jazaa-uzh zhaalimiin.

30. Mangka adreng nafsu amarahe Qabil mau, anggampangake ing dheweke anggone mateni Habil, sadulure. Tumuli dheweke (Qabil) dadi golongane wong-wong kang kapitunan.

٣٠- فَطَوَّعَتْ لَهٗ نَفْسُهٗ قَتْلَ اَخِيْهِ فَقَتَلَهٗ فَاَصْبَحَ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ ۝

Fathawwa'at lahuu nafsuhuu qatla akhiihi faqatalahuu fa ashbaha minal khaasiriin.

31. Allah nuli angutus manuk gagak kang aceceker lemah, karana PanjenengaNe karsa meruhake marang dheweke, si Qabil, kapriye carane mendhem bangkene sadulure. 296) Dheweke si Qabil angucap: "Adhuh cilaka banget aku, yagene aku ora bisa tumandang gawe kaya manuk gagak iki, nuli aku bisa ngubur janazahe sadulurku iki?". Nuli dheweke dadi golongane wong kang padha getun.

٣١- فَبَعَثَ اللّٰهُ غُرَابًا يَّبْحَثُ فِى الْاَرْضِ لِيُرِيَهٗ كَيْفَ يُوَارِيْ سَوْءَةَ اَخِيْهِ ۗ قَالَ يٰوَيْلَتٰٓى اَعَجَزْتُ اَنْ اَكُوْنَ مِثْلَ هٰذَا الْغُرَابِ فَاُوَارِيَ سَوْءَةَ اَخِيْ ۚ فَاَصْبَحَ مِنَ النّٰدِمِيْنَ ۝

Faba'atsallaahu ghuraabay yab-hatsu fil ardhi liyuriyahuu kaifa yuwaarii sau-ata akhiihi qaala yaa wailataa a'ajaztu an akuuna mitsla haadzal ghuraabi fa-uwaariya sau-ata akhii fa ashbaha minan naadimiin.

32. Jalaran saka iku, Ingsun anetepake sawijining hukum tumrap Bani Israil, satemene sing sapa wonge mateni wong, kang mangka kang dipateni iku ora mateni sawijining

٣٢- مِنْ اَجْلِ ذٰلِكَ ۚ كَتَبْنَا عَلٰى بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اَنَّهٗ مَنْ قَتَلَ نَفْسًۢا بِغَيْرِ نَفْسٍ اَوْ فَسَادٍ فِى الْاَرْضِ فَكَاَنَّمَا

296). Sacara ilmiyah manungsa saged angsal ilmu saking 'alam sakiwa tengenipun, kawastanan ecology lan **environment,** pramila mangga para maos amarsudiya jembaring ilmu, Quraan kathah sanget dhawuhaken bab punika.

wong, 297) utawa ora sebab gawe rusak ing Bumi, mangka kaya-kaya dheweke iku mateni wong sajagad; 298) lan sing sapa wonge nguripi sawijining wong, mangka kaya-kaya dheweke iku nguripi wong sajagad. Lan yekti wus rawuh marang wong-wong mau para UtusanIngsun kang angampil pirang-pirang ayat tandha yekti kang padhang nelahi, tumuli sawuse pepadhang iku akeh-akehe wong mau padha tumindak angliwati wates ana ing Bumi.

قَتَلَ النَّاسَ جَمِيعًا ۚ وَمَنْ أَحْيَاهَا فَكَأَنَّمَا أَحْيَا النَّاسَ جَمِيعًا ۚ وَلَقَدْ جَاءَتْهُمْ رُسُلُنَا بِالْبَيِّنَاتِ ثُمَّ إِنَّ كَثِيرًا مِنْهُمْ بَعْدَ ذَٰلِكَ فِي الْأَرْضِ لَمُسْرِفُونَ ۝

Min ajli dzaalika katabnaa 'alaa banii israa-iila annahuu man qatala nafsan bighairi nafsin au fasaadin fil ardhi fa-ka-annamaa qatalan naasa jamii'aa, wa-man ahyaahaa faka-annamaa ahyan naasa jamii'aa, walaqad jaa-at-hum rusulu-naa bil bayyinaati tsumma inna katsii-ram minhum ba'da dzaalika fil ardhi lamusrifuun.

Angger-angger tumraping rerusuh lan brandhal, kang angganggu kaamanan, katartiban ing masyarakat.

33. Sanyata ora ana piwales pancasaning pradata tumrap wong kang padha merangi ing Allah, lan UtusanNe, sarta tansah gawe rerusuh ana ing Bumi, kajaba dipatrapi ukum pati, utawa disalib, utawa dikethok tangan-tangane, lan sikil-sikile kaselang-seling, 299) utawa dikendhangake saka Negarane. Mangkono iku sawijining pangewan-ewan tumrap dheweke ana ing 'alam Donya, lan besuk ana ing Akherat wong-wong mau bakal kapatrapan siksa kang luwih gedhe.

٣٣- إِنَّمَا جَزَاءُ الَّذِينَ يُحَارِبُونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَيَسْعَوْنَ فِي الْأَرْضِ فَسَادًا أَنْ يُقَتَّلُوا أَوْ يُصَلَّبُوا أَوْ تُقَطَّعَ أَيْدِيهِمْ وَأَرْجُلُهُمْ مِنْ خِلَافٍ أَوْ يُنْفَوْا مِنَ الْأَرْضِ ۚ ذَٰلِكَ لَهُمْ خِزْيٌ فِي الدُّنْيَا ۖ وَلَهُمْ فِي الْآخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيمٌ ۝

Innamaa jazaa-ul ladziina yuhaaribuu-nallaaha wa rasuulahuu wa yas'auna fil-ardhi fasaadan ay yuqattaluu au yushal-labuu au tuqaththa'a aidiihim wa arju-luhum min khilaafin au yunfaw minal ardhi dzaalika lahum khizyun fiddun-yaa wa lahum fil aakhirati 'adzaabun 'a-zhiim.

34. Kajaba wong kang padha gelem tobat sadurunge sira padha bisa nyekel (nguwasani) marang dheweke. Mangka sira kabeh padha mangertia sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٣٤- إِلَّا الَّذِينَ تَابُوا مِنْ قَبْلِ أَنْ تَقْدِرُوا عَلَيْهِمْ ۖ فَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Illal ladziina taabuu min qabli an taqdi-ruu 'alaihim fa'lamuu annallaaha gha-fuurur rahiim.

297). Maksudipun mejahi tiyang boten sebab hukum qishaash.

298). Artosipun tiyang punika anggota masyarakat, dados sintena mejahi tiyang, sami kaliyan mejahi katurunanipun. Pramila hukum ingkang katetepaken tumrap Bani Israil kasebat, punika ateges hukum internasional ugi (kangge manungsa sa Donya!), lan salah satunggaling **hak asasi** lan **kuwajiban asasi** manungsa.

299). Tegesipun yen ingkang dipun potong tangan ingkang tengen, sukunipun ingkang dipun potong ingkang kiwa; manawi nindakaken malih, hukumanipun dipun potong malih tanganipun kiwa lan sukunipun tengen.

35. He para wong Mu'min, sira padha wedia ing Allah, lan padha angupayaa ing lantaran kang bisa nekakake ing sira sowan marang (cedhak) ngarsaning Allah, sarta sira padha nglabuhana ing Agamaning Allah, supaya sira padha antuk kabegjan.

٣٥. يَاأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ وَابْتَغُوْٓا اِلَيْهِ الْوَسِيْلَةَ وَجَاهِدُوْا فِيْ سَبِيْلِهٖ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanut taqullaaha wabtaghuu ilaihil wasiilata wa jaahiduu fii sabilihii la'allakum tuflihuun.

36. Sanyata wong-wong kang padha kafir upama dheweke anduweni kabeh barang kang ana ing Bumi, lan ditambahi samono maneh dadi darbeke, perlu kanggo nebusi awake saka siksa ing besuk dina Qiyamat, kang mangkono iku mesthi ora bakal ditampa, malah dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang anglarani.

٣٦. اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَوْ اَنَّ لَهُمْ مَّا فِى الْاَرْضِ جَمِيْعًا وَّمِثْلَهٗ مَعَهٗ لِيَفْتَدُوْا بِهٖ مِنْ عَذَابِ يَوْمِ الْقِيٰمَةِ مَا تُقُبِّلَ مِنْهُمْ ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Innal ladziina kafaruu lau anna lahum maa fil ardhi jamii'aw wa mitslahuu ma'ahuu liyaftaduu bihii min 'adzaabi yaumil qiyaamati maa tuqubbila minhum walahum 'adzaabun aliim.

37. Dheweke sumadya arep padha metu saka Naraka, nanging dheweke iku ora bakal padha bisa metu saka ing kono, lan wong-wong mau padha kapatrapan siksa kang tetep.

٣٧. يُرِيْدُوْنَ اَنْ يَّخْرُجُوْا مِنَ النَّارِ وَمَا هُمْ بِخٰرِجِيْنَ مِنْهَا ۡ وَلَهُمْ عَذَابٌ مُّقِيْمٌ ۝

Yuriiduuna ay yakhrujuu minan naari wamaa hum bikhaarijiina minhaa walahum 'adzaabum muqiim.

38. Wong lanang kang nyolong, lan wong wadon kang nyolong, iku padha kethoken tangane, minangka dadi piwalese pokal kang wus padha ditindakake, uga minangka dadi tepa palupi kang gawe mirising ati saka ngarsaning Allah, lan Allah iku Maha Prakosa sarta Maha Wicaksana.

٣٨. وَالسَّارِقُ وَالسَّارِقَةُ فَاقْطَعُوْٓا اَيْدِيَهُمَا جَزَآءًۢ بِمَا كَسَبَا نَكَالًا مِّنَ اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ۝

Was saariqu was saariqatu faqtha'uu aidiyahumaa jazaa-am bimaa kasabaa nakaalam minallaahi wallaahu 'aziizun hakiim.

39. Ananging sing sapa kang tobat sawuse panganiayane lan banjur tumindak becik, mangka satemene Allah bakal nampa tobate, sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٣٩. فَمَنْ تَابَ مِنْۢ بَعْدِ ظُلْمِهٖ وَاَصْلَحَ فَاِنَّ اللّٰهَ يَتُوْبُ عَلَيْهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Faman taaba mimba'di zhulmihii wa ashlaha fa-innallaaha yatuubu 'alaihi innallaaha ghafuurur rahiim.

40. Apata sira durung mangerti, manawa karajaan Langit lan Bumi iku samudayane kagunganing Allah piyambak, PanjenengaNe anyiksa marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan paring pangapura marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, jalaran Allah iku Maha Kuwasa ing sakabehing barang.

٤٠. اَلَمْ تَعْلَمْ اَنَّ اللّٰهَ لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ يُعَذِّبُ مَنْ يَّشَآءُ وَيَغْفِرُ لِمَنْ يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Alam ta'lam annallaaha lahuu mulkus samaawaati wal ardhi yu'adzdzibu may yasyaa-u wa yaghfiru limay yasyaa-u wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

Laku ingkare wong Yahudi ing norma-hukum Taurat, lan kang kawogan mutus-perkara kudu adhedhasar dha-wuhing Allah.

41. He Rasul, aja pisan-pisan wong-wong kang padha rerikatan ing kekafiran saka wong kang padha angucap kalawan lisan-lisane: "Kita punika sampun pitados", nganti anyu-sahake ing sira ananging sajatine ati-atine wong-wong mau ora percaya, lan sawenehe ngrungok-ngrungokake wulanganira, perlune mung arep anyebarake pawarta gegorohan, 300) dheweke seneng ngrungok-ngrungok-ake wulanganira, karepe hiya mung sumediya anyebar pawarta gegorohan mau marang para panggedhene kang ora padha bisa sowan ing si. i. Para panggedhene wong-wong mau padha angowahi dhawuhing Allah kang kaweca ing Taurat saka ing panggonane. Dheweke mau padha angucap: "Manawa sira padha diwenehi norma-hukum iki, kang wus di-owahi panggedhene, mangka padha sira tam-panana lan estokna, ananging manawa sira diwenehi dudu sing iki, sira kudu sing was-pada". Lan sawijining wong kang dikarsak-ake sasar dening Allah, mangka sira ora ku-wasa sathithik-sathithika anyegah barang kang tekane saka ngarsane Allah kanggo wong-wong mau. Wong kang mangkono mau, Allah ora karsa angresiki atine, dheweke ba-kal kapatrapan kanisthan ana ing Donya, lan ana ing Akherat bakal kapatrapan siksa kang gedhe.

٤١ - يَٰٓأَيُّهَا ٱلرَّسُولُ لَا يَحۡزُنكَ ٱلَّذِينَ يُسَٰرِعُونَ فِي
ٱلۡكُفۡرِ مِنَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ ءَامَنَّا بِأَفۡوَٰهِهِمۡ وَلَمۡ تُؤۡمِن
قُلُوبُهُمۡۛ وَمِنَ ٱلَّذِينَ هَادُواْۛ سَمَّٰعُونَ لِلۡكَذِبِ
سَمَّٰعُونَ لِقَوۡمٍ ءَاخَرِينَ لَمۡ يَأۡتُوكَۖ يُحَرِّفُونَ ٱلۡكَلِمَ
مِنۢ بَعۡدِ مَوَاضِعِهِۦۖ يَقُولُونَ إِنۡ أُوتِيتُمۡ هَٰذَا فَخُذُوهُ
وَإِن لَّمۡ تُؤۡتَوۡهُ فَٱحۡذَرُواْۚ وَمَن يُرِدِ ٱللَّهُ فِتۡنَتَهُۥ
فَلَن تَمۡلِكَ لَهُۥ مِنَ ٱللَّهِ شَيۡـٔٗاۚ أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ لَمۡ يُرِدِ
ٱللَّهُ أَن يُطَهِّرَ قُلُوبَهُمۡۚ لَهُمۡ فِي ٱلدُّنۡيَا خِزۡيٞۖ وَ
لَهُمۡ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيمٞ ٥

Yaa ayyuhar rasuulu laa yahzunkal la-dziina yusaari'uuna filkufri minal ladzii-na qaaluu aamannaa bi-afwaahihim wa-lam tu'min quluubuhum wa minal ladzii-na haaduu sammaa'uuna lilkadzibi sam-maa'uuna liqaumin aakhariina lam ya'-tuuka yuharrifuunal kalima mim ba'di mawaadhi'ihii yaquuluuna in uutiitum haadzaa fakhudzuuhu wa illam tu'tauhu fahdzaruu wa may yuridillaahu fitnata-huu falan tamlika lahuu minallaahi syai-aa, ulaa-ikal ladziina lam yuridillaahu ay-yuthahhira quluubahum lahum fid-dun-yaa khizyuw walahum fil aakhirati 'adzaabun 'azhiim.

42. Dheweke mau padha ngrungokake wu-langanira, perlune arep padha anyebar pa-warta goroh, dheweke mau tukang mangan barang haram, jalaran saka iku manawa wong-wong mau sowan ing sira, wong-wong mau sira ukumana, utawa sira ungkurna saka

٤٢ - سَمَّٰعُونَ لِلۡكَذِبِ أَكَّٰلُونَ لِلسُّحۡتِۚ فَإِن جَآءُوكَ
فَٱحۡكُم بَيۡنَهُمۡ أَوۡ أَعۡرِضۡ عَنۡهُمۡۖ وَإِن تُعۡرِضۡ
عَنۡهُمۡ فَلَن يَضُرُّوكَ شَيۡـٔٗاۖ وَإِنۡ حَكَمۡتَ فَٱحۡكُم

300). Maksudipun tiyang Yahudi remen mirengaken wicantenanipun Pendita Yahudi ingkang remen gegorohan; utawi sami remen mirengaken piwucalipun Nabi Muhammad s.a.w. kanggé Pandita-Panditanipun sarana cara boten jujur!

wong-wong mau, jalaran manawa sira ungkurake dheweke ora bakal ambebayani ing sira sathithik-thithika, dene manawa sira ngukumi wong-wong mau, kudu kalawan adil, sanyata Allah iku remen marang wong kang tumindak adil.

بَيْنَهُمْ بِالْقِسْطِ ۖ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ ۝

Sammaa'uuna lilkadzibi akkaaluuna lissuhti fa-in jaa-uuka fahkum bainahum au a'ridh 'anhum wa-in tu'ridh 'anhum falay yadhurruuka syai-aa, wa-in hakamta fahkum bainahum bilqisthi innallaaha yuhibbul muqsithiin.

43. Kapriye anggone dheweke bisa ikhlas misudha sira dadi Hakim, kang mangka dheweke wus anduweni Kitab Taurat kang ing kono wus kaweca Hukuming Allah, nuli sawuse iku dheweke malah padha mlengos? Lan dheweke iku ora klebu ewone wong kang padha iman ing Quraan lan Taurat.

٤٣- وَكَيْفَ يُحَكِّمُونَكَ وَعِنْدَهُمُ التَّوْرَاةُ فِيهَا حُكْمُ اللَّهِ ثُمَّ يَتَوَلَّوْنَ مِنْ بَعْدِ ذَٰلِكَ ۚ وَمَا أُولَٰئِكَ بِالْمُؤْمِنِينَ ۝

Wa kaifa yuhakkimuunaka wa 'indahumut tauraatu fiihaa hukmullaahi tsumma yatawallauna mim ba'di dzaalika wa maa ulaa-ika bil mu'miniin.

44. Sanyata Ingsun wus anurunake Kitab Taurat kang ing kono isi pituduh lan pepadhang, hiya kalawan iku Kitab wong-wong Yahudi diputusi perkarane dening para Nabi kang padha masrahake jiwa-raga ing Allah, para Ngulamane saka dheweke, lan para Pendhitane padha ngetrapake hukum tumrap wong-wong Yahudi kalawan piwulang kang diamanatake saka Kitabing Allah, sarta dheweke dadi saksi tumrap kabenerane Kitab iki. Jalaran saka iku sira aja padha wedi marang manungsa, ananging padha wedia marang PanjenenganIngsun, sarta sira aja padha ngedol ayat-ayatIngsun kalawan rega kang murah, lan sing sapa wonge ora ngukumi kalawan barang kang wus diturunake dening Allah, mangka wong-wong kang mangkono mau wong kang padha kafir.

٤٤- إِنَّا أَنْزَلْنَا التَّوْرَاةَ فِيهَا هُدًى وَنُورٌ ۚ يَحْكُمُ بِهَا النَّبِيُّونَ الَّذِينَ أَسْلَمُوا لِلَّذِينَ هَادُوا وَالرَّبَّانِيُّونَ وَالْأَحْبَارُ بِمَا اسْتُحْفِظُوا مِنْ كِتَابِ اللَّهِ وَكَانُوا عَلَيْهِ شُهَدَاءَ ۚ فَلَا تَخْشَوُا النَّاسَ وَاخْشَوْنِ وَلَا تَشْتَرُوا بِآيَاتِي ثَمَنًا قَلِيلًا ۚ وَمَنْ لَمْ يَحْكُمْ بِمَا أَنْزَلَ اللَّهُ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْكَافِرُونَ ۝

Innaa anzalnat tauraata fiihaa hudaw wanuuruy yahkumu bihan nabiyyuunal ladziina aslamuu lilladziina haaduu war rabbaaniyyuuna wal ahbaaru bimas tuhfizhu min kitaabillaahi wa kaanuu 'alaihi syuhadaa-a falaa takhsyawun naasa wakhsyauni walaa tasytaruu bi aayaatii tsamanan qaliilaw wamal lam yahkum bimaa anzalallaahu fa-ulaa-ika humul kaafiruun.

45. Lan Ingsun wus amajibake tumrap dheweke, kang kaweca ana ing Kitab Taurat iku, manawa ana wong mateni wong, piwalese pradata iya uwong, mripat kalawan mripat, irung kalawan irung, kuping kalawan kuping, untu kalawan untu, lan tatu iku ana piwales pradatane. Dene sing sapa kang andarmakake tebusane, mangka kang kaya mangkono iku wus dadi panebus tumrap

٤٥- وَكَتَبْنَا عَلَيْهِمْ فِيهَا أَنَّ النَّفْسَ بِالنَّفْسِ وَالْعَيْنَ بِالْعَيْنِ وَالْأَنْفَ بِالْأَنْفِ وَالْأُذُنَ بِالْأُذُنِ وَالسِّنَّ بِالسِّنِّ وَالْجُرُوحَ قِصَاصٌ ۚ فَمَنْ تَصَدَّقَ بِهِ فَهُوَ كَفَّارَةٌ لَهُ ۚ وَمَنْ لَمْ يَحْكُمْ بِمَا أَنْزَلَ اللَّهُ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ۝

dosane. Lan sing sapa kang ora gelem ngetrapake hukum kalawan katamtuan kang wus diturunake dening Allah, mangka dheweke iku wong-wong kang padha nganiaya.

Wa katabnaa 'alaihim fiihaa annan nafsa binnafsi wal 'aina bil 'aini wal anfa bil anfi wal udzuna bil udzuni wassinna bissinni wal juruuha qishaash, faman tashaddaqa bihii fahuwa kaffaaratul lahuu wamal lam yahkum bimaa anzalallaahu fa-ulaa-ika humuzh zhaalimuun.

46. Lan Ingsun wus ngetut-wuri tapak tilase para Nabi Bani Israil kalawan 'Isa putra Maryam, kanggo ambenerake Kitab kang luwih dhisik tumurune, yaiku Taurat, lan Ingsun wus maringi marang 'Isa Kitab Injil isine pituduh lan cahya kang madhangi, lan ambenerake Kitab kang sadurunge, yaiku Kitab Taurat. Sarta dadi pituduh lan pengajaran tumrap wong-wong kang padha taqwa.

٤٦ - وَقَفَّيْنَا عَلَىٰٓ اٰثَارِهِمْ بِعِيْسَى ابْنِ مَرْيَمَ مُصَدِّقًا
لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ التَّوْرٰىةِ ۖ وَاٰتَيْنٰهُ الْاِنْجِيْلَ فِيْهِ
هُدًى وَّنُوْرٌ ۙ وَّمُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ التَّوْرٰىةِ
وَهُدًى وَّمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِيْنَ ۝

Wa qaffainaa 'alaa aatsaarihim bi 'iisabni maryama mushaddiqal limaa baina yadaihi minat tauraati wa aatainaahul injiila fiihi hudaw wa nuuruw wa mushaddiqal limaa baina yadaihi minat tauraati wa hudaw wa mau'izhatal lilmuttaqiin.

47. Lan wong-wong ahli Injil supaya padha angetrapake hukum kalawan katamtuan kang wus diturunake dening Allah, [301] jalaran sing sapa ora angetrapake hukum kalawan katamtuan kang wus diturunake dening Allah, mangka wong kang mangkono iku kang padha duraka. [302]

٤٧ - وَلْيَحْكُمْ اَهْلُ الْاِنْجِيْلِ بِمَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ فِيْهِ ۗ وَمَنْ لَّمْ
يَحْكُمْ بِمَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ ۝

Wal yahkum ahlul injiili bimaa anzalallaahu fiihi wamal lam yahkum bimaa anzalallaahu fa-ulaa-ika humul faasiquun.

48. Lan Ingsun wus anurunake marang sira Muhammad Kitab Quraan kang angemot kabeneran, lan kang ambenerake barang kang luwih dhisik saka iku, ana ing Kitab Taurat, lan dadi panjaga tumrap Kitab mau, [303] jalaran saka iku sira padha angetrapna hukum ana ing antarane wong-wong mau kalawan katamtuan kang wus diturunake dening Allah, lan sira aja kongsi manut-miturut hawa-

٤٨ - وَاَنْزَلْنَآ اِلَيْكَ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ
مِنَ الْكِتٰبِ وَمُهَيْمِنًا عَلَيْهِ فَاحْكُمْ بَيْنَهُمْ بِمَآ اَنْزَلَ
اللّٰهُ وَلَا تَتَّبِعْ اَهْوَآءَهُمْ عَمَّا جَآءَكَ مِنَ الْحَقِّ ۗ لِكُلٍّ
جَعَلْنَا مِنْكُمْ شِرْعَةً وَّمِنْهَاجًا ۗ وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ لَجَعَلَكُمْ
اُمَّةً وَّاحِدَةً وَّلٰكِنْ لِّيَبْلُوَكُمْ فِيْ مَآ اٰتٰىكُمْ فَاسْتَبِقُوا

---

301). Dhawuhing Allah supados para Ahli Kitab Injil punika matrapaken hukum miturut wahyuning Allah ing Injil, dumugi zaman tumurunipun Al Quraan.

302). Manungsa boten ngetrapaken hukuming Allah punika sebab tigang perkawis: 1. kados kasebat ayat 44 surat **Al-Maaidah**, sebab dening gething lan ingkar. 2. kasebat ayat 45 surat **Al-Maaidah**, sebab dening hawa nafsu lan nganiaya ing ngasanes. 3. kasebat ayat 47 surat **Al-Maaidah**, sebab dening fasik utawi duraka (tiyang mangertos nanging anjarag boten nindakaken).

303). Dados panjagi tumrap Kitab wau, tegesipun Al Quraan dados ukuran ingkang namtokaken leres utawi boten leresipun ayat-ayat ingkang sampun katurunaken wonten ing Kitab-kitab saderengipun.

الْخَيْرٰتِ ۚ إِلَى اللّٰهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ۝

Wa anzalnaa ilaikal kitaaba bil haqqi mushaddiqal limaa baina yadaihi minal kitaabi wa muhaiminan 'alaihi fahkum bainahum bimaa anzalallaahu walaa tattabi' ahwaa-ahum 'ammaa jaa-aka minal haqqi likullin ja'alnaa minkum syir'ataw wa minhaajaa, walau syaa-allaahu laja'ala kum ummataw waahidataw walaakil liyabluwakum fii maa aataakum fastabiqul khairaati, ilallaahi marji'ukum jamii'an fayunabbi-ukum bimaa kuntum fiihi takhtalifuun.

nafsune wong-wong mau kang bisa anyasarake kabeneran kang teka ing sira, Ingsun wus andadekake kanggo saben-saben ummat [304] angger-angger-syare'at, lan dedalan. Sarta manawa dadi kaparenging Allah, PanjenengaNe kuwasa andadekake sira Ummat kang Manunggal, kang ora ana pasulayane, ananging sumurupa PanjenengaNe karsa paring coba ing sira ana ing barang kang wus diparingake marang sira. Jalaran saka iku, sira kabeh padha balapana nindakake amal-saleh, ana ing ngarsaning Allah papan balinira kabeh, nuli PanjenengaNe arsa anjelentrehake ing sira kalawan barang kang padha sira pasulayakake.

٤٩ - وَأَنِ احْكُمْ بَيْنَهُمْ بِمَآ أَنْزَلَ اللّٰهُ وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَآءَهُمْ وَاحْذَرْهُمْ أَنْ يَفْتِنُوكَ عَنْ بَعْضِ مَآ أَنْزَلَ اللّٰهُ إِلَيْكَ ۖ فَإِنْ تَوَلَّوْا فَاعْلَمْ أَنَّمَا يُرِيدُ اللّٰهُ أَنْ يُصِيبَهُمْ بِبَعْضِ ذُنُوبِهِمْ ۗ وَإِنَّ كَثِيرًا مِنَ النَّاسِ لَفٰسِقُونَ ۝

Wa anihkum bainahum bimaa anzalallaahu walaa tattabi' ahwaa-ahum wahdzarhum ay yaftinuuka 'am ba'dhi maa anzalallaahu ilaika fa-in tawallau fa'lam annamaa yuriidullaahu ay yushiibahum biba'dhi dzunuubihim wa inna katsiiram minan naasi lafaasiquun.

49. Lan supaya sira angetrapake hukum ana ing antarane wong-wong mau kalawan katamtuan kang wus diturunake dening Allah, lan sira aja kongsi manut miturut hawa nafsune wong-wong mau, lan sira den waspada, aja kongsi wong-wong mau bisa amlesetake marang sira saka sawenehing dhawuh-katamtuan kang wus diturunake dening Allah marang sira. Dene manawa dheweke padha nyeleweng saka kabeneran, mangka sira mangertia, sanyata karsaning Allah bakal nyiksa marang wong-wong mau marga saweneh dosa-dosane kang wus dilakoni. Sanyata akeh-akehe manungsa iku padha duraka.

٥٠ - أَفَحُكْمَ الْجَاهِلِيَّةِ يَبْغُونَ ۚ وَمَنْ أَحْسَنُ مِنَ اللّٰهِ حُكْمًا لِقَوْمٍ يُوقِنُونَ ۝

Afahukmal jaahiliyyati yabghuuna waman ahsanu minallaahi hukmal liqaumiy yuuqinuun.

50. Apa dheweke padha ngarepi hukum Jahiliyah, lan sapa ta wong kang hukume luwih becik tinimbang Allah tumrap wong kang padha yakin?

Larangan memitran-supeket karo wong Yahudi lan Nasrani, lan akibate

٥١ - يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَتَّخِذُوا الْيَهُودَ وَالنَّصٰرَىٰٓ أَوْلِيَآءَ ۘ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَآءُ بَعْضٍ ۚ وَمَنْ يَتَوَلَّهُمْ مِنْكُمْ فَإِنَّهُ مِنْهُمْ ۗ إِنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِينَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattakhidzul yahuuda wannashaaraa auliyaa-a ba'dhuhum auliyaa-u ba'dhin waman yatawallahum minkum fainnahu minhum innallaaha laa yahdil qaumadh dhaalimiin.

51. He para wong Mu'min, sira aja padha nganggep wong Yahudi lan wong Nasrani dadi pemimpin-pangrehira, sawenehe wong mau dadi kekasih marang sawenehe, dene sapa wahe saka sira kabeh ana kang anguwasakake pimpinan marang wong-wong mau,

304). Inggih punika ummat Nabi Muhammad s.a.w. sarta ummat ingkang saderengipun, kadosta ummat Nabi Musa a.s., ummat Nabi 'Isa a.s. lan sanes-sanesipun.

sanyata dheweke dadi golongane wong mau. Dene Allah iku ora karsa anuduhake wong-wong kang padha anganiaya.

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattakhidzul yahuuda wan nashaaraa auliyaa-a ba'dhuhum auliyaa-a ba'dh, wamay yatawallahum minkum fa-innahuu minhum, innallaaha laa yahdil qaumazh-zhaalimiin.

52. Amula sira tansah mangerti manawa wong-wong munafik kang atine ana lelarane, iku padha bebalapan, lan rerikatan marani wong-wong (Yahudi lan Nasrani) kang kawogan dikuwasakake mau, karo padha angucap: "Aku kabeh padha kuwatir manawa nganti nandhang kacilakan", mugamuga Allah anekakake kamenangan lan pitulungan marang UtusaNe, supaya dheweke (wong munafik mau) padha dadi getun ana ing perkara kang padha diumpetake.

٥٢. فَتَرَى الَّذِيْنَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ يُّسَارِعُوْنَ فِيْهِمْ يَقُوْلُوْنَ نَخْشٰٓى اَنْ تُصِيْبَنَا دَآئِرَةٌ ۭ فَعَسَى اللّٰهُ اَنْ يَّاْتِيَ بِالْفَتْحِ اَوْ اَمْرٍ مِّنْ عِنْدِهٖ فَيُصْبِحُوْا عَلٰي مَآ اَسَرُّوْا فِيْٓ اَنْفُسِهِمْ نٰدِمِيْنَ ۝

Fataral ladziina fii quluubihim maradhuy yusaari'uuna fiihim yaquuluuna nakhsyaa an tushiibanaa daa-irah, fa'asallaahu ay ya'tiya bil fat-hi au amrim min 'indihii fayushbihuu 'alaa maa asarruu fii anfusihim naadimiin.

53. Lan wong-wong kang padha Mu'min angucap: "Apa iki wong-wong kang sumpah kalawan nyebut asmaning Allah, manawa dheweke iku temen-temen anggone sumpah, utawa dheweke arep tumandang bebarengan lan sira?" Yekti wus lebur kabeh amale wong-wong mau, temahan dheweke padha dadi wong-wong kang padha kapitunan.

٥٣. وَيَقُوْلُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَهٰٓؤُلَاۗءِ الَّذِيْنَ اَقْسَمُوْا بِاللّٰهِ جَهْدَ اَيْمَانِهِمْ ۙ اِنَّهُمْ لَمَعَكُمْ ۭ حَبِطَتْ اَعْمَالُهُمْ فَاَصْبَحُوْا خٰسِرِيْنَ ۝

Wa yaquulul ladziina aamanuu ahaa-ulaail ladziina aqsamuu billaahi jahda aimaanihim innahum lama'akum habithat a'maaluhum fa ashbahuu khaasiriin.

54. He para wong Mu'min, sapa saka sira sing murtad saka Agamane, mangka Allah arsa anekakake sawijining golongan kang PanjenengaNe remen marang dheweke, lan dheweke uga dhemen marang PanjenengaNe, tur padha andhap asor karo wong-wong Mu'min, lan luwih gagah ngungkuli marang wong-wong kafir, dheweke padha anglabuhake bandhane ana ing dalaning Allah, sarta ora ulap saka panacade wong kang anacad. Kang mangkono iku kanugerahaning Allah, kang diparingake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan Allah iku Maha Jembar lan Maha Ngawuningani.

٥٤. يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَنْ يَّرْتَدَّ مِنْكُمْ عَنْ دِيْنِهٖ فَسَوْفَ يَاْتِي اللّٰهُ بِقَوْمٍ يُّحِبُّهُمْ وَيُحِبُّوْنَهٗٓ اَذِلَّةٍ عَلَي الْمُؤْمِنِيْنَ اَعِزَّةٍ عَلَي الْكٰفِرِيْنَ يُجَاهِدُوْنَ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَلَا يَخَافُوْنَ لَوْمَةَ لَاۗىِٕمٍ ۭ ذٰلِكَ فَضْلُ اللّٰهِ يُؤْتِيْهِ مَنْ يَّشَاۗءُ ۭ وَاللّٰهُ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu may yartadda minkum 'an diinihii fasaufa ya'tillaahu biqaumiy yuhibbuhum wa yuhibbuunahu adzillatin 'alai mu'miniina a'izzatin 'alal kaafiriina yujaahiduuna fii sabiilillaahi walaa yakhaafuuna laumata laa-im dzaalika fadhlullaahi yu'tiihi may yasyaa-u wallaahu waasi'un 'aliim.

55. Sanyatane jejering Panguwasa tumrap sira iku mung Allah lan UtusaNe, sarta wong-wong kang padha percaya, kang padha nindakake Sholat, lan aweh Zakat, sarta dheweke iku padha tundhuk marang dhawuhing Allah.

٥٥- إِنَّمَا وَلِيُّكُمُ اللّٰهُ وَرَسُولُهُ وَالَّذِينَ آمَنُوا الَّذِينَ يُقِيمُونَ الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُونَ الزَّكٰوةَ وَهُمْ رٰكِعُونَ ۝

Innamaa waliyyukumullaahu warasuuluhuu walladziina aamanul ladziina yuqiimuunash shalaata wa yu'tuunaz zakaata wahum raaki'uun.

56. Lan sing sapa nyuwun pangayoman-pitulunganing Allah, Utusane, lan marang wong Mu'min, mangka satemene iku kang mesthi bisa oleh kemenangan golongane Allah.[305]

٥٦- وَمَنْ يَتَوَلَّ اللّٰهَ وَرَسُولَهُ وَالَّذِينَ آمَنُوا فَإِنَّ حِزْبَ اللّٰهِ هُمُ الْغٰلِبُونَ ۝

Wamay yatawallallaaha warasuulahuu walladziina aamanuu fa-inna hizballaahi humul ghaalibuun.

57. He para wong Mu'min, sira aja anguwasakake pimpinan marang wong kang nggawe geguyon lan dedolanan ing Agamanira, yaiku saweneh saka wong kang diparingi Kitab ing sadurungira, lan sira aja ndadekake wong kafir dadi panguwasa/pimpinan perkaranira, sarta sira padha wedia ing Allah manawa yekti sira iku padha Mu'min.

٥٧- يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَتَّخِذُوا الَّذِينَ اتَّخَذُوا دِينَكُمْ هُزُوًا وَلَعِبًا مِنَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِكُمْ وَالْكُفَّارَ أَوْلِيَآءَ ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattakhidzul ladziinat takhadzuu diinakum huzuwaw wa la'ibam minal ladziina uutul kitaaba min qablikum wal kuffaara auliyaa-a wattaqullaaha in kuntum mu'miniin.

58. Lan manawa sira ngajak wong-wong mau supaya padha anindakake Sholat, tumuli dheweke ndadekake tindak Sholat mau kanggo geguyon lan dedolanan. Kang mangkono iku, jalaran dheweke kalebu golongane wong-wong kang ora duwe akal pikiran.

٥٨- وَإِذَا نَادَيْتُمْ إِلَى الصَّلٰوةِ اتَّخَذُوهَا هُزُوًا وَلَعِبًا ۚ ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَا يَعْقِلُونَ ۝

Wa idzaa naadaitum ilash shalaatittakhadzuuhaa huzuwaw wa la'ibaa, dzaalika bi-annahum qaumul laa ya'qiluun.

59. Dhawuha sira Muhammad: "He wong ahli Kitab, apa ora ta anggonira gething lan nyacad marang kita iki mung jalaran kita iki padha iman marang Allah, lan marang Kitab kang wus diturunake marang kita, lan marang Kitab kang wus diturunake ing sadurunge, jalaran sanyatane akeh-akehe sira iku padha duraka?"

٥٩- قُلْ يٰٓأَهْلَ الْكِتٰبِ هَلْ تَنْقِمُونَ مِنَّآ إِلَّآ أَنْ آمَنَّا بِاللّٰهِ وَمَآ أُنْزِلَ إِلَيْنَا وَمَآ أُنْزِلَ مِنْ قَبْلُ وَأَنَّ أَكْثَرَكُمْ فٰسِقُونَ ۝

Qul yaa ahlal kitaabi hal tanqimuuna minnaa illaa an aamannaa billaahi wa maa unzila ilainaa wamaa unzila min qablu wa anna aktsarakum faasiquun.

305). Inggih punika tiyang-tiyang ingkang andadosaken pangayom sarta panulung namung dhumateng Allah, Rasulullah, lan tiyang-tiyang Mu'min.

60. Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira padha gelem manawa ndak tuduhake kabeh wong-wong kang luwih dening ala piwalese ana ing ngarsaning Allah, tinimbang kang kaya mangkono iku? Yaiku wong kang dibendoni dening Allah, lan kadukan, sarta PanjenengaNe andadekake wong-wong mau kaya dene kethek-kethek, lan babi-babi, lan wong kang anyembah brahala-brahala. 306) Wong-wong kang kaya mangkono mau bakal manggon ana ing panggonan kang ala dhewe, sarta dheweke iku padha luwih kesasar saka dedalan kang jejeg".

٦٠- قُلْ هَلْ أُنَبِّئُكُمْ بِشَرٍّ مِّن ذَٰلِكَ مَثُوبَةً عِندَ اللَّهِ ۚ مَن لَّعَنَهُ اللَّهُ وَغَضِبَ عَلَيْهِ وَجَعَلَ مِنْهُمُ الْقِرَدَةَ وَالْخَنَازِيرَ وَعَبَدَ الطَّاغُوتَ ۚ أُولَٰئِكَ شَرٌّ مَّكَانًا وَأَضَلُّ عَن سَوَاءِ السَّبِيلِ ۝

Qul hal unabbi-ukum bisyarrim min dzaalika matsuubatan 'indallaahi mal la'anahullaahu wa ghadhiba 'alaihi wa ja'ala minhumul qiradata wal khanaaziira wa 'abadat thaaghuut, ulaa-ika syarrum makaanaw wa adhallu an sawaa-is sabiil.

61. Manawa dheweke wong-wong Yahudi kang padha munafik mau padha sowan marang sira, dheweke munjuk atur: "Kita punika sampun sami pitados", mangka sajatine wong-wong mau wus padha lumebu marang kekafiran, lan padha metu uga kalawan kekafiran, lan Allah luwih Ngawuningani barang kang padha diumpetake.

٦١- وَإِذَا جَاءُوكُمْ قَالُوا آمَنَّا وَقَد دَّخَلُوا بِالْكُفْرِ وَهُمْ قَدْ خَرَجُوا بِهِ ۗ وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا كَانُوا يَكْتُمُونَ ۝

Wa idzaa jaa-uukum qaaluu aamannaa waqad dakhaluu bil kufri wahum qad kharajuu bihii wallaahu a'lamu bimaa kaanuu yaktumuun.

62. Lan sira Muhammad bakal sumurup akeh-akehe wong Yahudi iku padha gegancangan tumindak dosa, lan memungsuhan, sarta mangan barang kang haram, 307) yekti ala temenan tumindak kang padha dilakoni iku.

٦٢- وَتَرَىٰ كَثِيرًا مِّنْهُمْ يُسَارِعُونَ فِي الْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ وَأَكْلِهِمُ السُّحْتَ ۚ لَبِئْسَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Wataraa katsiiram minhum yusaari'uuna fil itsmi wal 'udwaani wa aklihimush suhta labi'samaa kaanuu ya'maluun.

63. Apa para 'Alim saka dheweke, lan para Pandhitane wong-wong mau ora padha anyegah wong-wong mau saka pangucape kang dosa, lan saka anggone mangan barang haram? Yekti ala temenan tumindak kang padha dilakoni iku.

٦٣- لَوْلَا يَنْهَاهُمُ الرَّبَّانِيُّونَ وَالْأَحْبَارُ عَن قَوْلِهِمُ الْإِثْمَ وَأَكْلِهِمُ السُّحْتَ ۚ لَبِئْسَ مَا كَانُوا يَصْنَعُونَ ۝

Laulaa yanhaahumur rabbaaniyyuuna wal akhbaaru 'an qaulihimul itsma wa aklihimus suhta labi'sa maa kaanuu yashna'uun.

Bebendhuning Allah marang wong Yahudi.

64. Lan wong-wong Yahudi mau padha angucap: "Astane Allah iku kablenggu, Allah

٦٤- وَقَالَتِ الْيَهُودُ يَدُ اللَّهِ مَغْلُولَةٌ ۚ غُلَّتْ أَيْدِيهِمْ

306). Inggih punika tetiyang Yahudi ingkang nerak kahormatanipun dinten Sabat utawi Sabtu; mirsanana surat Al Baqarah ayat 65.

307). Kados dene arta sogokan, manipulasi, cek kosong, pembajakan, komersiil jabatan, sapiturutipun. Mirsanana ayat 42 surat Al-Maaidah.

iku medhit", ing mangka sanyatane tangane wong-wong mau kang diblenggu, lan dheweke padha kabendon jalaran pangucape mau, mangertia astaning Allah iku jemereng Allah iku Maha Loma, PanjenengaNe anan-jakake nafakah iku miturut sakarsaNe. Lan Kitab Quraan kang wus diturunake marang sira saka ngarsaNe Allah iku yekti bakal anambahi akeh-akehe wong mau anggone tumindak ngliwati wates, lan saya tambah-tambah kekafirane. Lan Ingsun wus nukul-ake memungsuhan lan gegethingan ing an-tarane wong-wong mau nganti tumeka besuk ing dina Qiyamat. Saben-saben wong mau padha ngurubake geni peperangan, Allah nuli nyirep geni mau, lan dheweke padha tumin-dak gawe rusak ana ing Bumi, mangka Allah iku ora remen marang wong-wong kang ngawe rusak.

وَلُعِنُوا بِمَا قَالُوا ۘ بَلْ يَدٰهُ مَبْسُوطَتٰنِ ۙ يُنْفِقُ كَيْفَ
يَشَآءُ ۭ وَلَيَزِيْدَنَّ كَثِيْرًا مِّنْهُمْ مَّآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ مِنْ
رَّبِّكَ طُغْيَانًا وَّكُفْرًا ۭ وَاَلْقَيْنَا بَيْنَهُمُ الْعَدَاوَةَ
وَالْبَغْضَاۗءَ اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ ۭ كُلَّمَآ اَوْقَدُوْا نَارًا
لِّلْحَرْبِ اَطْفَاَهَا اللّٰهُ ۙ وَيَسْعَوْنَ فِي الْاَرْضِ فَسَادًا ۭ
وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ الْمُفْسِدِيْنَ ۝

Wa qaalatil yahuudu yadullaahi maghluulatun ghullat aidiihim wa lu'inuu bimaa qaaluu bal yadaahu mabsuuthataani yunfiqu kaifa yasyaa-u walayaziidanna katsiiram minhum maa unzila ilaika mirrabbika thughyaanaw wakufraw waalqainaa bainahumul 'adaawata wal baghdhaa-a ilaa yaumil qiyaamati kullamaa auqaduu naaral lilharbi athfa-ahallaahu wa yas'auna fil ardhi fasaadaa, wallaahu laa yuhibbul mufsidiin.

65. Lan saupama wong-wong ahli Kitab iku padha gelem percaya, lan taqwa ing Allah, yekti Ingsun anutupi lakune wong-wong mau kang ala, lan Ingsun arsa angle-bokake wong-wong mau ana ing Suwarga Na'im (sarwa nikmat).

٦٥- وَلَوْ اَنَّ اَهْلَ الْكِتٰبِ اٰمَنُوْا وَاتَّقَوْا لَكَفَّرْنَا عَنْهُمْ
سَيِّاٰتِهِمْ وَلَاَدْخَلْنٰهُمْ جَنّٰتِ النَّعِيْمِ ۝

Walau anna ahlal kitaabi aaminuu wattaqau lakafarnaa 'anhum sayyi-aatihim wala-adkhalnaahum jannaatin na'iim.

66. Lan saupama wong-wong mau padha gelem angestokake dhawuhing Kitab Taurat lan Injil, lan Kitab kang wus diturunake ma-rang dheweke saka ngarsaning PangeraNe, yekti wong-wong mau padha mangan rezeki kang entuke saka sadhuwure, lan saka sa-ngisore sikil-sikile, saweneh wong-wong mau ana golongan kang adil,[308] ananging jebul akeh-akehe wong-wong mau kok malah ala temen tumindake kang wus dilakoni iku.

٦٦- وَلَوْ اَنَّهُمْ اَقَامُوا التَّوْرٰىةَ وَالْاِنْجِيْلَ وَمَآ اُنْزِلَ
اِلَيْهِمْ مِّنْ رَّبِّهِمْ لَاَكَلُوْا مِنْ فَوْقِهِمْ وَمِنْ تَحْتِ
اَرْجُلِهِمْ ۭ مِنْهُمْ اُمَّةٌ مُّقْتَصِدَةٌ ۭ وَكَثِيْرٌ مِّنْهُمْ سَاۗءَ
مَا يَعْمَلُوْنَ ۝ ع ١٣

Walau annahum aqaamut tauraata wal injiila wamaa unzila ilaihim mir rabbihim la-akaluu min fauqihim wa min tahti arjulihim minhum ummatum muqtashidah, wa katsiirum minhum saa-a maa ya'maluun.

308). Inggih punika tumindak jujur lan boten nyimpang saking kaleresan.

Tugas pokok Rasulullah s.a.w.

٦٧- يٰٓاَيُّهَا الرَّسُوْلُ بَلِّغْ مَآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ ۗ وَاِنْ لَّمْ تَفْعَلْ فَمَا بَلَّغْتَ رِسَالَتَهٗ ۗ وَاللّٰهُ يَعْصِمُكَ مِنَ النَّاسِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِى الْقَوْمَ الْكٰفِرِيْنَ ۝

Yaa ayyuhar rasuulu balligh maa unzila ilaika mir rabbika wa il-lam taf'al famaa ballaghta risaalatahuu wallaahu ya'shimuka minan naas, innallaaha laa yahdil qaumal kaafiriin.

67. He Rasul, sira nekakna katemtuan apa wahe kang wus diturunake marang sira saka ngarsaning Pangeranira, jalaran manawa sira ora anindakake mundhak sira diarani wong kang ora anekakake dhawuhing Allah, lan Allah iku kang angreksa ing sira saka pialane para manungsa.[309] Sanyata Allah iku ora karsa anuduhake golongan kang padha kafir.

٦٨- قُلْ يٰٓاَهْلَ الْكِتٰبِ لَسْتُمْ عَلٰى شَيْءٍ حَتّٰى تُقِيْمُوا التَّوْرٰىةَ وَالْاِنْجِيْلَ وَمَآ اُنْزِلَ اِلَيْكُمْ مِّنْ رَّبِّكُمْ ۗ وَلَيَزِيْدَنَّ كَثِيْرًا مِّنْهُمْ مَّآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ طُغْيَانًا وَّكُفْرًا ۚ فَلَا تَاْسَ عَلَى الْقَوْمِ الْكٰفِرِيْنَ ۝

Qul yaa ahlal kitaabi lastum 'alaa syai-in hattaa tuqiimut tauraata wal injiila wa maa unzila ilaikum mir rabbikum wa layaziidanna katsiiram minhum maa unzila ilaika mir rabbika thughyaanaw wa kufran falaa ta'sa 'alal qaumil kaafiriin.

68. Dhawuha sira Muhammad: "He wong ahli Kitab, sira ora bakal diarani wong kang nindakake Agama kang bener, nganti sira kabeh iku padha angestokake apa dhawuhing Kitab Taurat lan Injil, sarta Kitab kang wus diturunake marang sira saka Pangeranira", dene Kitab Quraan kang wus diturunake marang sira saka ngarsaning Pangeranira iku sayekti bakal anambahi akeh-akehe wong mau anggone padha anjarag ngliwati wates lan tambah kafire. Saka iku sira aja susah lan dheleg-dheleg sedhih, amarga tumindake golongan kang padha kafir mau.

٦٩- اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَالَّذِيْنَ هَادُوْا وَالصّٰبِـُٔوْنَ وَالنَّصٰرٰى مَنْ اٰمَنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَعَمِلَ صَالِحًا فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ۝

Innal ladziina aamanuu walladziina haaduu wash shaabi-uuna wannashaaraa man aamana billaahi wal yaumil aakhiri wa 'amila shaalihan falaa khaufun 'alaihim walaahum yahzanuun.

69. Sanyata wong-wong Mu'min, wong-wong Yahudi, lan wong-wong Sabi'iin, sarta wong-wong Nasrani, sapa bahe kang gelem iman ing Allah, lan dina Akhir, sarta tumuli nindakake amal shaleh, mangka wong-wong mau ora padha kanggonan wedi lan ora padha susah.[310]

٧٠- لَقَدْ اَخَذْنَا مِيْثَاقَ بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ وَاَرْسَلْنَآ اِلَيْهِمْ رُسُلًا ۗ كُلَّمَا جَآءَهُمْ رَسُوْلٌ ۢ بِمَا لَا تَهْوٰٓى اَنْفُسُهُمْ ۙ فَرِيْقًا كَذَّبُوْا وَفَرِيْقًا يَّقْتُلُوْنَ ۝

70. Sanyata Ingsun wus mundhut perjanjian[311] marang wong Bani Israil, lan Ingsun wus angutus para andika Rasul marang wong-wong mau. Samangsa rawuh sawijining Rasul marang wong-wong mau kalawan ngampil barang katamtuan kang ora disenengi dening atine wong-wong mau, sawenehe wong-wong

309). Boten wonten ingkang hasil saged marjaya Nabi Muhammad s.a.w. senajan mawi cara ingkang mawarni-warni.

310). Mirsanana katerangan ayat 62 surat Al Baqarah.

311). Inggih punika parjanjian iman dhumateng Allah lan para Rasul.

mau ana kang anggorohake Rasul, lan saperangan maneh ana kang malah mrajaya ing Rasul.

Laqad akhadznaaa miitsaaqa banii israa-iila wa arsalnaa ilaihim rusulan kullamaa jaa-ahum rasuulum bimaa laa tahwaa anfusuhum fariiqan kadzdzabuu wa fariiqay yaqtuluun.

71. Dheweke padha tumindak kaya mangkono iku jalaran padha ngira manawa dheweke iku ora bakal kena coba saka ngarsaning Allah, tumuli dheweke malah padha wuta ora weruh barang bener, lan budheg ora bisa angrungokake barang bener mau, tumuli Panjenenganing Allah paring pangapura ing wong-wong mau, banjur akeh-akehe wong-wong mau padha bali wuta lan budheg, ing mangka Allah iku Maha Pariksa ing samubarang kang padha ditindakake.

٧١- وَحَسِبُوٓا۟ أَلَّا تَكُونَ فِتْنَةٌ فَعَمُوا۟ وَصَمُّوا۟ ثُمَّ تَابَ ٱللَّهُ عَلَيْهِمْ ثُمَّ عَمُوا۟ وَصَمُّوا۟ كَثِيرٌ مِّنْهُمْ ۚ وَٱللَّهُ بَصِيرٌۢ بِمَا يَعْمَلُونَ ۝

Wa hasibuu allaa takuuna fitnatun fa'amuu wa shammuu tsumma taaballaahu 'alaihim tsumma 'amuu wa shammuu katsiirum minhum wallaahu bashiirum bimaa ya'maluun.

Pratelan saka ngarsaning Allah manawa sing sapa duwe 'itikad Nabi 'Isa a.s. iku Allah, iku hukume kafir.

72. Sanyata wus dadi kafir hukume wong kang angucap: "Satemene Allah yaiku Al Masih putra Maryam", ing mangka Al Masih dhewe wus ngandika: "He Bani Israil! Sira padha nyembaha ing Allah Pangeran sesembahanku, lan Pangeran sesembahanira, jalaran sapa kang nyakuthokake ing Allah, mangka Allah wus angaramake wong mau lumebu ing Suwarga, dene panggonan baline wong mau ana ing Naraka; sarta tumrap iku ora ana kang mitulungi wong-wong kang padha nganiaya.

٧٢- لَقَدْ كَفَرَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓا۟ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْمَسِيحُ ٱبْنُ مَرْيَمَ ۖ وَقَالَ ٱلْمَسِيحُ يَٰبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ رَبِّى وَرَبَّكُمْ ۖ إِنَّهُۥ مَن يُشْرِكْ بِٱللَّهِ فَقَدْ حَرَّمَ ٱللَّهُ عَلَيْهِ ٱلْجَنَّةَ وَمَأْوَىٰهُ ٱلنَّارُ ۖ وَمَا لِلظَّٰلِمِينَ مِنْ أَنصَارٍ ۝

Laqad kafaral ladziina qaaluu innallaaha huwal masiihubnu maryama wa qaalal masiihu yaa banii israa-iila'budul laaha rabbii wa rabbukum innahuu may yusyrik billaahi faqad harramallaahu 'alaihil jannata wama'waahun naaru wamaa lizhzhaalimiina min anshaar.

73. Sanyata wus dadi kafir hukume wong kang padha angucap: "Manawa Panjenengane Allah iku telu-teluning atunggal", mangka ora ana sesembahan, kajaba mung Pangeran sesembahan kang Suwiji; lan manawa wong-wong mau ora padha mareni anggone padha angucap mangkono iku, yekti bakal ngenani wong-wong kafir iku siksa kang nglarani banget.

٧٣- لَقَدْ كَفَرَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓا۟ إِنَّ ٱللَّهَ ثَالِثُ ثَلَٰثَةٍ ۘ وَمَا مِنْ إِلَٰهٍ إِلَّآ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ ۚ وَإِن لَّمْ يَنتَهُوا۟ عَمَّا يَقُولُونَ لَيَمَسَّنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِنْهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Laqad kafaral ladziina qaaluu innallaaha tsaalitsu tsalaatsah, wamaa min ilaahin illaa ilaahuw waahid, wa illam yantahuu 'ammaa yaquuluuna layamassannal ladziina kafaruu minhum 'adzaabun aliim.

74. Apa dheweke ora banjur padha enggal-enggal tobat marang Allah, lan nyuwun pangapura marang PanjenengaNe? Kang mangka Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٧٤- أَفَلَا يَتُوبُونَ إِلَى اللَّهِ وَيَسْتَغْفِرُونَهُ ۚ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Afalaa yatuubuuna ilallaahi wa yastaghfiruunahuu wallaahu ghafuurur rahiim.

75. Ora ana jejering Al Masih putra Maryam iku kajaba mung Rasul, kaya dene para andika Rasul kang wus kapungkur, dene Ibune iku putri kang banget sumungkeme marang Allah, sakarone padha dhahar dhaharan lumrah. Sira padha andelenga kapriye anggonIngsun anerangake marang wong-wong mau ing ayat-ayat tandha yekti, tumuli sira padha andelenga kapriye dheweke padha diplencengake saka kabeneran.

٧٥- مَا الْمَسِيحُ ابْنُ مَرْيَمَ إِلَّا رَسُولٌ ۖ قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِهِ الرُّسُلُ ۖ وَأُمُّهُ صِدِّيقَةٌ ۖ كَانَا يَأْكُلَانِ الطَّعَامَ ۗ انظُرْ كَيْفَ نُبَيِّنُ لَهُمُ الْآيَاتِ ثُمَّ انظُرْ أَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ۝

Mal masiihubnu maryama illaa rasuulun qad khalat min qablihir rusul, wa ummahuu shiddiiqatun kaana ya'kulaanith tha'aam, unzhur kaifa nubayyinu lahumul aayaati tsummanzhur annaa yu'fakuun.

76. Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira padha nyembah saliyaning Allah, barang kang ora bisa agawe cilaka, lan uga ora bisa aweh manfa'at marang sira, mangka Allah iku Maha Midhanget lan Maha Wikan.

٧٦- قُلْ أَتَعْبُدُونَ مِن دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَمْلِكُ لَكُمْ ضَرًّا وَلَا نَفْعًا ۚ وَاللَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Qul ata'buduuna minduunillaahi maalaa yamliku lakum dharraw walaa naf'aa, wallaahu huwas samii'ul 'aliim.

77. Dhawuha sira Muhammad: "He wong ahli Kitab! Sira aja padha ketungkul tumindak ing sajroning Agamanira kang ora bener, lan sira aja padha manut hawa nafsune golongan kang maune pancen wus kasasar, sarta gawene anyasarake para manungsa, lan dheweke padha kesasar saka dedalan kang lempeng.

٧٧- قُلْ يَا أَهْلَ الْكِتَابِ لَا تَغْلُوا فِي دِينِكُمْ غَيْرَ الْحَقِّ وَلَا تَتَّبِعُوا أَهْوَاءَ قَوْمٍ قَدْ ضَلُّوا مِن قَبْلُ وَأَضَلُّوا كَثِيرًا وَضَلُّوا عَن سَوَاءِ السَّبِيلِ ۝ ع ١٤

Qul yaa ahlal kitaabi laa taghluu fii diinikum ghairal haqqi walaa tattabi'uu ahwaa-a qaumin qad dhalluu min qablu wa adhalluu katsiiraw wa dhalluu 'an sawaa-is sabiil.

Mulabukane bebenduning Allah marang wong Bani Israil.

78. Wus padha dibendoni wong-wong Bani Israil kang padha kafir lumantar lisane Nabi Dawud,*) lan Nabi 'Isa putra Maryam. Kang kaya mangkono mau jalaran dheweke padha ambangkang, sarta padha ngliwati wates.

٧٨- لُعِنَ الَّذِينَ كَفَرُوا مِن بَنِي إِسْرَائِيلَ عَلَىٰ لِسَانِ دَاوُودَ وَعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ ۚ ذَٰلِكَ بِمَا عَصَوا وَّكَانُوا يَعْتَدُونَ ۝

*). Sababipun tetiyang Bani Israil tumindak duraka ing hukum lan pernataning Allah, Nabi Dawud a.s. lan Nabi Isa a.s. nenuwun dhumateng Allah swt supados ngetrapaken piwales bebendu! Makaten katerangan wigatos ayat no. 78, 79, lan 80.

Lu'inal ladziina kafaruu mim banii israa-iila 'alaa lisaani daawuuda wa 'iisabni maryama dzaalika bimaa 'ashaw wa kaanuu ya'taduun.

٧٩ كَانُوا لَا يَتَنَاهَوْنَ عَنْ مُنْكَرٍ فَعَلُوهُ ۚ لَبِئْسَ مَا كَانُوا يَفْعَلُونَ ۝

79. Dheweke iku sanyata ora padha cegah-cinegah saka tindak kang murang tata, malah dheweke padha nglakoni, yekti ala temen laku kang padha ditindakake.

Kaanuu laa yatanaahauna 'am munkarin fa'aluuhu labi'sa maa kaanuu yaf'aluun.

٨٠ - تَرَىٰ كَثِيرًا مِّنْهُمْ يَتَوَلَّوْنَ الَّذِينَ كَفَرُوا ۚ لَبِئْسَ مَا قَدَّمَتْ لَهُمْ أَنفُسُهُمْ أَن سَخِطَ اللَّهُ عَلَيْهِمْ وَفِي الْعَذَابِ هُمْ خَالِدُونَ ۝

80. Sira bakal padha weruh dhewe akeh-akehe wong-wong mau padha anguwasakake perkarane marang wong kang padha kafir; yekti ala temen barang kang wus padha ditindakake dening wong-wong mau, kang mangkono iku anjalari bebenduning Allah tumiba marang dheweke, lan wong-wong mau anggone padha tetep sarta langgeng anggone ana sajeroning siksa.

Taraa katsiiram minhum yatawallaunal ladziina kafaruu labi'sa maa qaddamat lahum anfusuhum 'an sakhithallaahu 'alaihim wa fil 'adzaabi hum khaaliduun.

٨١ - وَلَوْ كَانُوا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالنَّبِيِّ وَمَا أُنزِلَ إِلَيْهِ مَا اتَّخَذُوهُمْ أَوْلِيَاءَ وَلَٰكِنَّ كَثِيرًا مِّنْهُمْ فَاسِقُونَ ۝

81. Lan saupama wong-wong mau padha gelem iman marang Allah, lan marang Nabi Muhammad, sarta iman marang Kitab kang wus diturunake marang dheweke, mesthi dheweke ora nganti padha gelem nganggep wong-wong kafir dadi panguwasaning pimpinan, ananging akeh-akehe wong-wong mau padha duraka.

Walau kaanuu yu'minuuna billaahi wannabiyyi wamaa unzila ilaihi mattakhadzuuhum auliyaa-a walaakinna katsiiram minhum faasiquun.

Patembayane wong Yahudi lan Nasrani karo wong Mu'min.

٨٢ - لَتَجِدَنَّ أَشَدَّ النَّاسِ عَدَاوَةً لِّلَّذِينَ آمَنُوا الْيَهُودَ وَالَّذِينَ أَشْرَكُوا ۖ وَلَتَجِدَنَّ أَقْرَبَهُم مَّوَدَّةً لِّلَّذِينَ آمَنُوا الَّذِينَ قَالُوا إِنَّا نَصَارَىٰ ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّ مِنْهُمْ قِسِّيسِينَ وَرُهْبَانًا وَأَنَّهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُونَ ۝

82. Sira bakal katemu wong kang leluwihan anggone padha memungsuhan marang para wong Mu'min, yaiku wong-wong Yahudi, lan wong-wong kang padha nyakukuthokake ing Allah (musyrik), lan sira uga bakal padha ketemu wong-wong kang banget cerak katresnane marang para wong Mu'min, yaiku wong-wong kang padha angucap: "Satemene kita iki wong Nasrani", kang mangkono mau jalaran wong-wong mau ana pandhita-pandhitane lan ana rahib-rahibe, (yaiku pandhita kang wadat lan banget sumungkeme marang Allah) lan jalaran wong-wong mau, ora padha ambeg adigang lan adigung.

Latajidanna asyaddan naasi 'adaawatan lilladziina aamanuul yahuudu walladziina asyrakuu walatajidanna aqrabahum mawaddatan lilladziina aamanuul ladzdziina qaaluu innaa nashaaraa dzaalika bi-anna minhum qissiisiina wa ruhbaanaw wa annahum laa yastakbiruun.

JUZ 7

٨٣. وَإِذَا سَمِعُوا مَا أُنْزِلَ إِلَى الرَّسُولِ تَرَى أَعْيُنَهُمْ تَفِيضُ مِنَ الدَّمْعِ مِمَّا عَرَفُوا مِنَ الْحَقِّ يَقُولُونَ رَبَّنَا آمَنَّا فَاكْتُبْنَا مَعَ الشَّاهِدِينَ ۝

Wa idzaa sami'uu maa unzila ilar rasuuli taraa a'yunahum tafiidhu minad dam'i mimmaa 'arafuu minal haqqi yaquuluuna rabbanaa aamannaa faktubnaa ma'asy-syaahidiin.

83. Lan bareng para pandhita mau padha krungu unining Kitab kang diturunake marang Rasuling Allah, sira weruh mripate padha andarojos ngetokake eluh, jalaran anggone padha ngerti barang kang bener, dheweke padha angucap: "Dhuh Pangeran sesembahan kita, kita sampun iman, pramila mugi Paduka anyerat ing kita kagolongaken kaliyan tetiyang ingkang sami anyekseni".

٨٤. وَمَا لَنَا لَا نُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَمَا جَاءَنَا مِنَ الْحَقِّ وَنَطْمَعُ أَنْ يُدْخِلَنَا رَبُّنَا مَعَ الْقَوْمِ الصَّالِحِينَ ۝

Wamaa lanaa laa nu'minu billaahi wamaa jaa-anaa minal haqqi wa nathma'u ayyudkhilanaa rabbunaa ma'al qaumish shaalihiin.

84. "Lan kita punika boten pantes sanget manawi boten sami iman ing Allah, lan kaleresan ingkang sampun dhateng ing kita. Kita sami angajeng-ajeng mugi Pangeran karsaha anglebetaken kita kagolongaken kaliyan tetiyang ingkang sami sae-sae".

٨٥. فَأَثَابَهُمُ اللَّهُ بِمَا قَالُوا جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا وَذَلِكَ جَزَاءُ الْمُحْسِنِينَ ۝

Fa atsaabahumullaahu bimaa qaaluu jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa wa dzaalika jazaa-ul mukhsiniin.

85. Nuli Allah maringi wong-wong mau apa kang dadi panyuwune, yaiku Suwarga kang ing sangisore ana kaline mili, ana ing kono bakal padha langgeng, kang mangkono iku pituwase wong-wong kang padha becik.

٨٦. وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا أُولَئِكَ أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ۝

Walladziina kafaruu wa kadzdzabuu biaayaatinaa ulaa-ika ash-haabul jahiim.

86. Dene wong-wong kang padha kafir, lan kang padha maido marang ayat-ayat-Ingsun, wong kang mangkono iku bakal padha kapatrapan siksane Naraka Jahim.

٨٧. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تُحَرِّمُوا طَيِّبَاتِ مَا أَحَلَّ اللَّهُ لَكُمْ وَلَا تَعْتَدُوا إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْمُعْتَدِينَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tuharrimuu thayyibaati maa ahallallaahu lakum walaa ta'taduu innallaaha laa yuhibbul mu'tadiin.

87. He para wong Mu'min! Sira aja padha ngaramake panganan kang becik, kang wus dihalalake dening Allah ing sira kabeh, lan sira aja padha tumindak ngliwati wates, sanyata Allah iku ora remen marang wong-wong kang padha ngliwati wakedan.

٨٨. وَكُلُوا مِمَّا رَزَقَكُمُ اللَّهُ حَلَالًا طَيِّبًا وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي أَنْتُمْ بِهِ مُؤْمِنُونَ ۝

88. Lan sira padha mangana rezeki paparinging Allah marang sira kabeh, kang halal sarta kang becik, sira kabeh padha wedia marang Allah kang sira pancen wus padha iman marang PanjenengaNe.

Wakuluu mimmaa razaqakumullaahu halaalan thayyibaw wattaqullaahal ladzii antum bihii mu'minuun.

Sumpah lan kaffarat (tebusane).

89. Allah ora matrapi ing sira kabeh tumrap anggonira sumpah kang ora terusing ati, ananging PanjenengaNe bakal matrapi ing sira jalaran sumpahira kang terusing ati. Dene minangka tebusane sumpah iku, yaiku aweh pangan marang wong miskin sepuluh, saka pangan kang wis patut kaya kang kanggo nafakahi kulawarganira, utawa sira aweh sandhang marang wong miskin sepuluh mau, utawa mardikakake batur-tukon. Dene manawa sira ora bisa ngleksanani kaya kang kasebut ing dhuwur iku, sira kudu Puasa lawase telung dina. Mangkono iku tebusane sumpah kang wus padha sira ucapake. Lan sira padha anjagaa ing sumpah-sumpahira, kaya mangkono iku Allah kepareng karsa anerangake ayat tandha yekti marang sira kabeh, supaya sira padha syukur.

٨٩- لَا يُؤَاخِذُكُمُ اللّٰهُ بِاللَّغْوِ فِيْٓ اَيْمَانِكُمْ وَلٰكِنْ يُّؤَاخِذُكُمْ
بِمَا عَقَّدْتُّمُ الْاَيْمَانَ ۚ فَكَفَّارَتُهٗٓ اِطْعَامُ عَشَرَةِ مَسٰكِيْنَ
مِنْ اَوْسَطِ مَا تُطْعِمُوْنَ اَهْلِيْكُمْ اَوْ كِسْوَتُهُمْ اَوْ تَحْرِيْرُ
رَقَبَةٍ ۗ فَمَنْ لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ ثَلٰثَةِ اَيَّامٍ ۗ ذٰلِكَ كَفَّارَةُ
اَيْمَانِكُمْ اِذَا حَلَفْتُمْ ۗ وَاحْفَظُوْٓا اَيْمَانَكُمْ ۗ كَذٰلِكَ
يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمْ اٰيٰتِهٖ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝

Laa yu-aakhidzu kumullaahu billaghwi fii aimaanikum walaakiy yu-aakhidzukum bimaa 'aqqad tumul aimaana fakaffaara tuhuu ith'aamu 'asyaratim masaakina min ausathi maa tuth'imuuna ahliikum au kiswatuhum au tahriiru raqabatin famal lam yajid fashiyaamu tsalaatsati ayyaamin dzaalika kaffaaratu aimaanikum idzaa halaltum wahfazhuu aimaanakum, kadzaalika yubayyinullaahu lakum aayaatihii la'allakum tasykuruun.

90. He para wong Mu'min! Sanyata arak, judhi, brahala, lan ngundhi nasib nganggo panahan,[312] iku kabeh barang jember klebu panggawening syetan, mulane padha anyingkirana supaya sira nemu begja.

٩٠- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنَّمَا الْخَمْرُ وَالْمَيْسِرُ وَالْاَنْصَابُ
وَالْاَزْلَامُ رِجْسٌ مِّنْ عَمَلِ الشَّيْطٰنِ فَاجْتَنِبُوْهُ لَعَلَّكُمْ
تُفْلِحُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu innamal khamru wal maisiru wal anshaabu wal azlaamu rijsum min 'amalisy syaithaani fajtanibuuhu la'allakum tuflihuun.

91. Sanyata kareping syetan ana ing bab arak, lan ngabotohan mau arep anelesepake rasa memungsuhan lan kasengitan ing antaranira kabeh, lan arep ngalang-alangi sira kabeh aja nganti eling marang Allah, lan Sholat. Lah apa samengko sira kabeh banjur padha leren?

٩١- اِنَّمَا يُرِيْدُ الشَّيْطٰنُ اَنْ يُّوْقِعَ بَيْنَكُمُ الْعَدَاوَةَ
وَالْبَغْضَاۤءَ فِى الْخَمْرِ وَالْمَيْسِرِ وَيَصُدَّكُمْ عَنْ
ذِكْرِ اللّٰهِ وَعَنِ الصَّلٰوةِ ۚ فَهَلْ اَنْتُمْ مُّنْتَهُوْنَ ۝

Innamaa yuriidusy syaithaanu ay yuuqi'a bainakumul 'adaawata wal baghdhaa-a fil khamri wal maisiri wa yashuddakum 'an dzikrillaahi wa 'anish shalaati fahal antum muntahuun.

312). Mirsanana ayat 3 surat Al Maaidah.

92. Lan padha ndhereka marang Allah, lan ndhereka marang UtusaNe, poma padha dingati-atiya! Dene manawa sira padha nglirwakake, padha sumurupa yen tetanggungane UtusanIngsun iku genah mung amedharake da'wah jang cetha. Dadi kang bakal niksa ing sira kabeh iku Ingsun pribadi.

٩٢- وَأَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ وَاحْذَرُوا ۚ فَإِن تَوَلَّيْتُمْ فَاعْلَمُوا أَنَّمَا عَلَىٰ رَسُولِنَا الْبَلَاغُ الْمُبِينُ ۝

Wa athii'ullaaha wa athii'ur rasuula wahdzaruu fa-in tawallaitum fa'lamuu annamaa 'alar rasuulinal balaaghul mubiin.

93. Ora jeneng dosa tumrap wong kang padha iman lan kang padha tumindak becik ana ing babagan kang padha dipangan, bisa uga dheweke padha anjaga barang kang dicegah dening Allah, sarta padha-padha iman lan tumindak becik, tumuli dheweke tetep padha anjaga barang kang kacegah dening Allah, lan anggere padha iman, tumuli dheweke padha wedi ing Allah, sarta pokok tumindak amal kabecikan, jalaran Allah iku remen marang wong-wong kang padha tumindak becik.

٩٣- لَيْسَ عَلَى الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ جُنَاحٌ فِيمَا طَعِمُوا إِذَا مَا اتَّقَوا وَّآمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ ثُمَّ اتَّقَوا وَّآمَنُوا ثُمَّ اتَّقَوا وَّأَحْسَنُوا ۗ وَاللَّهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ ۝ ع ١٢ ٢

Laisa 'alal ladziina aamanuu wa'amilush shaalihaati junaahun fiimaa tha'imuu idzaa mattaqau wa aamanuu wa 'amilush shaalihaati tsummattaqau wa aamanuu tsummattaqau wa ahsanuu, wallaahu yuhibbul muhsiniin.

Padaleman suci Ka'bah iku saka guruning jagad-raya.

94. He para wong Mu'min! Allah karsa nyoba [313] marang sira kabeh sawenehe anyegah ambebedhag kewan kang nggonira oleh nganggo tangan-tanganira, utawa kalawan jemparingira ana sajeroning Ikhram, karana PanjenengaNe Allah karsaa nguningani wong kang pancen wedi ing PanjenengaNe kalawan ghaib. Mangka sing sapa anerak sawuse iku, dheweke bakal kapatrapan siksa kang nglarani.

٩٤- يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَيَبْلُوَنَّكُمُ اللَّهُ بِشَيْءٍ مِّنَ الصَّيْدِ تَنَالُهُ أَيْدِيكُمْ وَرِمَاحُكُمْ لِيَعْلَمَ اللَّهُ مَن يَخَافُهُ بِالْغَيْبِ ۚ فَمَنِ اعْتَدَىٰ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَلَهُ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu layabluwannakumullaahu bi syai-im minash shaidi tanaaluhuu aidiikum wa rimaahukum liya'lamallaahu may yakhaafuhuu bilghaibi famani'tadaa ba'da dzaalika falahuu 'adzaabun aliim..

95. He para wong Mu'min! Sira aja padha ambebedhag [314] sato kewan, ing mangka sira lagi pinuju Ikhram, dene sing sapa mateni beburon kalawan anjarag mangka wong mau didhendha rajakaya kang memper karo beburon kang dipateni mau; kang amutus rajakaya kang kanggo ganti iku kudu wong

٩٥- يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَقْتُلُوا الصَّيْدَ وَأَنتُمْ حُرُمٌ ۚ وَمَن قَتَلَهُ مِنكُم مُّتَعَمِّدًا فَجَزَاءٌ مِّثْلُ مَا قَتَلَ مِنَ النَّعَمِ يَحْكُمُ بِهِ ذَوَا عَدْلٍ مِّنكُمْ هَدْيًا بَالِغَ الْكَعْبَةِ أَوْ كَفَّارَةٌ طَعَامُ مَسَاكِينَ أَوْ عَدْلُ ذَٰلِكَ صِيَامًا

313). Paring cecoba dhumateng kaum Muslimin ingkang nembe ihkram pinanggih kewan buronan ingkang sarwa gampil dipun cepeng utawi dipun jemparing.

314). Inggih punika haram ambebedhag kewan buronan ingkang kenging dipun dhahar utawi boten, kajawi sawer, gagak, wulung, kalajengking, makaten kasebat riwayat Hadits Shahih.

لِيَذُوقَ وَبَالَ أَمْرِهِ عَفَا اللَّهُ عَمَّا سَلَفَ وَمَنْ عَادَ فَيَنْتَقِمُ اللَّهُ مِنْهُ وَاللَّهُ عَزِيزٌ ذُو انْتِقَامٍ ۝

loro saka sira kang adil, sateruse sesembelihan iku kudu dieterake menyang Ka'bah minangka hadiyah, [315] orane anyembelih rajakaya kena diganti aweh pangan marang wong-wong miskin, utawa kena anglakoni puasa, [316] perlune supaya wong mau padha angrasakake pituwase tindak kang wus dilakoni. Allah tumuli kapareng paring pangapura kaluputane kang wus dilakoni mau, ananging sing sapa ambaleni nindakake tamtu Allah anyiksa marang wong mau, Allah iku Maha Gagah Prakosa sarta kagungan siksa.

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa taqtulush shaida wa antum hurum, waman qatalahuu minkum muta'ammidan fajazaa-um mitslu maa qatala minan na'ami yahkumu bihii dzawaa 'adlim minkum had-yam baalighal ka'bati au kaffaaratun tha'aamu masaakina au 'adlu dzaalika shiyaamal liyadzuuqa wa baala amrih, 'afallaahu 'ammaa salafa, waman 'aada fayantaqimullaahu minhu wallaahu 'aziizun dzuntiqaam.

96. Wus dihalalake tumrap sira amburu lan mangan iwak [317] sagara, minangka bebungah marang sira lan kanggo sangu tumrap wong kang padha lelungan, ananging diharamake tumrap sira ambeburu kewan dharatan salagine sira isih padha Ikhram, jalaran saka iku sira padha wedia ing Allah kang marang PanjenengaNe sira kabeh bakal padha dikumpulake.

٩٦- أُحِلَّ لَكُمْ صَيْدُ الْبَحْرِ وَطَعَامُهُ مَتَاعًا لَكُمْ وَلِلسَّيَّارَةِ وَحُرِّمَ عَلَيْكُمْ صَيْدُ الْبَرِّ مَا دُمْتُمْ حُرُمًا وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ۝

Uhilla lakum shaidul bahri wa tha'aamuhuu mataa'al lakum walissayyaarati wahurrima 'alaikum shaidul barri maa dumtum hurumaa, wattaqullaahal ladzii 'ilaihi tuhsyaruun.

97. Allah wus andamel Ka'bah padaleman kang mulya, [318] minangka adeging panembah tumrap para manungsa, Allah uga andamel sasi kang mulya, qurban, lan kewan kang ditengeri bakal kacaosake kanggo hadiyah ana ing Ka'bah, kang kaya mangkono mau supaya sira padha mangerti manawa Allah iku Ngawuningani barang kang ana ing Langit lan kang ana ing Bumi, lan sanyatane Allah iku Maha Wikan ing sawiji-wiji barang.

٩٧- جَعَلَ اللَّهُ الْكَعْبَةَ الْبَيْتَ الْحَرَامَ قِيَامًا لِلنَّاسِ وَالشَّهْرَ الْحَرَامَ وَالْهَدْيَ وَالْقَلَائِدَ ذَٰلِكَ لِتَعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ وَأَنَّ اللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ۝

Ja'alallaahul ka'batal baital haraama qiyaamal linnaasi wasy-syahral haraama wal had-ya wal qalaa-id, dzaalika lita'lamuu annallaaha ya'lamu maa fissamaawaati wamaa fil ardhi wa annallaaha bikulli syai-in 'aliim.

315). Tegesipun kewan **hadiyah** punika dagingipun dipun dumaken fakir-miskin ing Bumi Kharam ngriku!

316). Laminipun shiyam sami jumlahipun mud tetedhan (± 6¼ ons) ingkang kangge fakir miskin.

317). Kalebet ulam lepen, sendhang, sarta blumbang. Amburu ulam maksudipun mancing utawi anjala sarana teknik modern.

318). Padaleman suci Ka'bah dados adeg-anteping ngibadahipun para manungsa sarana aman, sarta mantep lan khusyu' ing bab 'Ibadah lan urusan sanesipun kemasyarakatan, sarta aspek-aspek sosial sanesipun. Estunipun punika pola gambaranipun Kongres Ummat Islam Internasional, setahun sepisan sesarengan ibadah Hajji. Saestu ageng sanget manfaatipun, boten namung nuwuhaken supeketing pasedherekan, ugi saged makarya sesarengan ing babagan sosial-budaya, ekonomi, politik, sarta rembag sanes-sanesipun ingkang murakabi karaharjan Donya dumuging Akherat.

98. Sira padha mangertia manawa Allah iku banget abot ing siksane, lan sanyatane Allah iku Maha Ngapura tur Maha Asih.

٩٨- إِعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ وَأَنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

I'lamuu annallaaha syadiidul 'iqaabi wa annallaaha ghafuurur rahiim.

99. Ora ana kuwajibaning Utusan iku kajaba mung maratakake wulangan bener, lan Allah iku Ngawuningani barang kang padha sira lahirake lan kang sira wadekake.

٩٩- مَّا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ۗ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا تُبْدُونَ وَمَا تَكْتُمُونَ ۝

Maa 'alar rasuuli illal balaagh, wallaahu ya'lamu maa tubduuna wamaa taktumuun.

100. Dhawuha sira Muhammad: "Ora padha barang kang ala lan barang kang becik iku, sanajan barang kang ala mau gawe gumun ing sira jalaran saka akehe. Mula saka iku, he wong-wong kang padha duwe akal, sira padha wedia ing Allah, supaya sira kabeh padha oleh kabegjan.

١٠٠- قُل لَّا يَسْتَوِى ٱلْخَبِيثُ وَٱلطَّيِّبُ وَلَوْ أَعْجَبَكَ كَثْرَةُ ٱلْخَبِيثِ ۚ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ يَٰٓأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ۝ ع

Qul laa yastawil khabiitsu wath thayyibu walau a'jabaka katsratul khabiitsi fattaqullaaha yaa ulil albaabi la'allakum tuflihuun.

Singkirana pitakon kang agawe rupek!

101. He para wong Mu'min! Sira aja sok pitakon perkara kang manawa sira padha dijarwani bakal andadekake susahira dhewe, lan manawa sira padha pitakon apa-apa nalikane Al Quraan diturunake bakal diweruhake marang sira kabeh. Allah karsa paring pangapura saka anggonira padha pitakon iku, dene Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Aris.

١٠١- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَسْـَٔلُوا۟ عَنْ أَشْيَآءَ إِن تُبْدَ لَكُمْ تَسُؤْكُمْ ۚ وَإِن تَسْـَٔلُوا۟ عَنْهَا حِينَ يُنَزَّلُ ٱلْقُرْءَانُ تُبْدَ لَكُمْ ۖ عَفَا ٱللَّهُ عَنْهَا ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ حَلِيمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tas-aluu an asy-yaa-a intubda lakum tasu' kum wa in tas-aluu 'anhaa hiina yunazzalul qur-aanu tubda lakum, 'afallaahu 'anhaa, wallaahu ghafuurun haliim.

102. Yekti wong-wong kang sadurungira wus padha pitakon ana ing perkara iku, sateruse jalaran saka iku wong-wong mau tumuli padha kafir.

١٠٢- قَدْ سَأَلَهَا قَوْمٌ مِّن قَبْلِكُمْ ثُمَّ أَصْبَحُوا۟ بِهَا كَٰفِرِينَ ۝

Qad sa-alahaa qaumum min qablikum tsumma ashbahuu bihaa kaafiriin.

103. Allah ora andamel Bahirah, yaiku unta wadon kang disigar kupinge pratandha ora kena disembelih, Saibah, unta wadon kang

١٠٣- مَا جَعَلَ ٱللَّهُ مِنۢ بَحِيرَةٍ وَلَا سَآئِبَةٍ وَلَا وَصِيلَةٍ

diumbar saparan-paran sarta ora dialap gawe, Washilah, wedus kang wus manak kaping pitu, anak kang kaping pitu iku manawa wadon ora disembelih, mangkono uga wedhus lanang ora disembelih kang lahire bareng kembar, lan Haam, unta wadon kang wus tau manak kaping sepuluh, iku kabeh pranataning Agama, ananging wong-wong kafir wus padha agawe goroh diakokake atas asmaning Allah, jalaran akeh-akehe wong-wong mau padha ora anduweni akal.

وَلَا حَامٍ وَّلٰكِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا يَفْتَرُوْنَ عَلَى اللّٰهِ الْكَذِبَ وَاَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُوْنَ ۝

Maa ja'alallaahu min bahiiratiw walaa saa-ibatiw walaa washiilatiw walaa haamiw walaakinnal ladziina kafaruu yaftaruuna 'alallaahil kadzib, wa aktsrahum laa ya'qiluun.

104. Lan manawa didhawuhake marang wong-wong mau: "Sira padha mrenea ngestokake Wahyu kang diturunake dening Allah lan ngestokake marang Utusaning Allah". Wong-wong mau padha mangsuli: "Kita sampun cekap ngluluri lelampahan ingkang kita panggih tetilaranipun leluhur kita". Dhawuhing Allah: "Apa hiya sanajan para leluhure iku ora padha mangerti apa-apa utawa ora padha oleh pituduh?"

١٠٤. وَاِذَا قِيْلَ لَهُمْ تَعَالَوْا اِلٰى مَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ وَاِلَى الرَّسُوْلِ قَالُوْا حَسْبُنَا مَا وَجَدْنَا عَلَيْهِ اٰبَآءَنَا ۭ اَوَلَوْ كَانَ اٰبَآؤُهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ شَيْـــًٔا وَّلَا يَهْتَدُوْنَ ۝

Wa idzaa qiila lahum ta'aalau ilaa maa anzalallaahu wa ilar rasuuli qaaluu hasbunaa maa wajadnaa 'alaihi aabaa-anaa, awalau kaana aabaa-ahum laa ya'lamuuna syai-aw walaa yahtaduun.

105. He para wong Mu'min! Sira den prayitna anjaga marang awakira dhewe-dhewe. Tindake wong kang kasasar ora bakal bisa amlarati ing sira, sauger sira kenceng ndherek pituduh. 319) Marang ngarsaning Allah sira kabeh bakal padha disowanake, Panjenengane Allah arsa anjelentrehake marang sira kabeh, sakehe barang kang wus sira tindakake.

١٠٥. يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا عَلَيْكُمْ اَنْفُسَكُمْ ۚ لَا يَضُرُّكُمْ مَّنْ ضَلَّ اِذَا اهْتَدَيْتُمْ ۭ اِلَى اللّٰهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيْعًا فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu 'alaikum anfusakum laa yadhurrukum man dhalla idzahtadaitum, ilallaahi marji'ukum jamii'an fayunabbi-ukum bimaa kuntum ta'lamuun.

Hikmahe wasiyat kalawan saksi.

106. He para wong Mu'min! Manawa salah sawijinira meh katekan pati, ing mangka dheweke arep wasiyat, mangka tetepna paseksen ing antaranira wong loro kang adil, utawa

١٠٦. يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا شَهَادَةُ بَيْنِكُمْ اِذَا حَضَرَ اَحَدَكُمُ الْمَوْتُ حِيْنَ الْوَصِيَّةِ اثْنٰنِ ذَوَا عَدْلٍ مِّنْكُمْ اَوْ

319). Pitedahipun Allah s.w.t. punika wonten sekawan sarana: 1. **Hidayatul Ilham** (pitedahing ilham inspirasi) upami wiwit bayi sampun saged piyambak madosi lan ngemik toya susu saking Ibunipun. 2. **Hidayatul Hawaas** (pitedahing pancadriya) ingkang dipun miliki hewan langkung landhep lan kiyat, manawi manungsa pancadriyanipun nengga wekdal lan panggulawenthah. 3. **Hidayatul 'Aqel** (pitedahing akal-fikiran) punika jejeripun inggil tinimbang ilham lan pancadriya, namung manungsa piyambak ingkang pinaringan pitedahing 'akal ingkang dados dhasar kabudayan Donya; 'akal saged ngoreksi lan ada-ada enggal (korektif lan kreatif). 4. **Hidayatul Adyaan was Syaraa'i** (pitedahing agami & syari'at) punika syarat mutlak lan kasampurnaning sadaya kasebat nginggil. Agami ingkang ngordinasi, ngintegrasi sarta ngorganisasi sadaya ilham, pancadriya, lan akal fikiran, tumuju karaharjan gesang ing ngalam Donya dumugi Akherat.

أَخَرَانِ مِنْ غَيْرِكُمْ إِنْ أَنْتُمْ ضَرَبْتُمْ فِي الْأَرْضِ فَأَصَابَتْكُمْ مُصِيبَةُ الْمَوْتِ تَحْبِسُونَهُمَا مِنْ بَعْدِ الصَّلَوٰةِ فَيُقْسِمَانِ بِاللَّهِ إِنِ ارْتَبْتُمْ لَا نَشْتَرِي بِهِ ثَمَنًا وَلَوْ كَانَ ذَا قُرْبَىٰ وَلَا نَكْتُمُ شَهَادَةَ اللَّهِ إِنَّا إِذًا لَمِنَ الْآثِمِينَ ۝

wong loro kang seje Agama karo sira,[320] manawa sira lagi pinuju lelungan, tumuli sira katekan pati, sira padha nyarantekna nganti saksi sakarone iku rampung anggone perlu kanggo sumpah, tumuli dheweke wong loro mau ngucapake sumpah sarana Asmaning Allah, manawa sira isih mamang; "Demi Allah kita ora bakal ngedol sumpah iku kalawan reregan dhuwit, sanajan marang sanak dhewe, sarta kita ora bakal ngumpetake perkara kang wus kita sekseni kalawan Asmaning Allah, yen kita kongsi tumindak mangkono, yekti kita kalebu golongane wong-wong kang padha laku dosa".

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu syahaadatu bainikum idzaa hadhara ahadakumul mautu hiinal washiyyaatisnaani dzawaa 'adlim minkum au aakharaani min ghairikum in antum dharabtum fil ardhi fa-ashaabatkum mushiibatul mauut, tahbisuuna humaa mim ba'dish shalaati fayuqsimaani billaahi inirtabtum laa nasytarii bihii tsamanaw walau kaana dzaa qurbaa walaa naktumu syahaadatallaahi innaa idzal laminal aatsimiin.

فَإِنْ عُثِرَ عَلَىٰ أَنَّهُمَا اسْتَحَقَّا إِثْمًا فَآخَرَانِ يَقُومَانِ مَقَامَهُمَا مِنَ الَّذِينَ اسْتَحَقَّ عَلَيْهِمُ الْأَوْلَيَانِ فَيُقْسِمَانِ بِاللَّهِ لَشَهَادَتُنَا أَحَقُّ مِنْ شَهَادَتِهِمَا وَمَا اعْتَدَيْنَا إِنَّا إِذًا لَمِنَ الظَّالِمِينَ ۝

107. Manawa saksi loro mau padha kasumurupan tumindak dosa,[321] supaya wong kang luwih cerak marang almarhum iku anggugurake paseksene saksi loro mau, banjur sakarone iku angganteni ana ing panggonane saksi loro kang palsu mau, kanthi sumpah kalawan Asmaning Allah; "Sanyata paseksen kita iku luwih bener, luwih pantes ditampa tinimbang paseksene wong loro mau, jalaran kita ora ngliwati wates, yen kita kongsi tumindak mangkono yekti kalebu golongane wong-wong kang padha angaaniaya".

Fa-in 'utsira 'alaa annahumas tahaqqaa itsman fa aakharaani yaquumaani maqaamahumaa minal ladziinastahaqqaa 'alaihimul aulayaani fayuqsimaani billaahi lasyahaadatunaa ahaqqu min syahaadati himaa wama'tadainaa innaa idzal laminazh zhaalimiin.

ذَٰلِكَ أَدْنَىٰ أَنْ يَأْتُوا بِالشَّهَادَةِ عَلَىٰ وَجْهِهَا أَوْ يَخَافُوا أَنْ تُرَدَّ أَيْمَانٌ بَعْدَ أَيْمَانِهِمْ ۗ وَاتَّقُوا اللَّهَ وَاسْمَعُوا ۗ وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفَاسِقِينَ ۝

108. Kang mangkono iku cara kang luwih cerak marang bener, supaya dheweke gelem anyekseni perkara kang wus disekseni kalawan samesthine, utawa dheweke kuwatir manawa sumpahe bakal dibaleni sawuse sumpahe wong-wong mau,[322] marang ahliwaris. Lan sira padha wedia ing Allah sarta gatekna parentahing Allah, Allah iku ora karsa paring pituduh marang wong kang padha fasik-duraka.

Dzaalika adnaa ay ya'tuu bisy syahaadati 'alaa wajhihaa au yakhaafuu an turadda aimaanum ba'da aimaanihim, wattaqullaaha wasma'uu, wallaahu laa yahdil qaumal faasiqiin.

320). Manawi kapeksa saksi ingkang tunggil Agami boten wonten, kenging andadosaken saksi ingkang sanes Agami.

321). Inggih punika saksi curang, kawontenan wau kasumerepan sasampunipun dipun sumpah.

322). Tegesipun tiyang-tiyang ingkang sumpah wau badhe angsal piwales Donya lan Akherat, sebab tumindak sumpah palsu.

109. Ana ing dina Qiyamat, Allah anglumpukake para Rasul, tumuli PanjenengaNe andangu: "Apa Ummatira wus padha andherek dhawuhira?" Para Rasul munjuk atur: "Kita boten mangertos, sayektosipun namung Paduka pribadi punika ingkang Ngawuningani sadaya kawontenan ghaib".

١٠٩ - يَوْمَ يَجْمَعُ اللّٰهُ الرُّسُلَ فَيَقُوْلُ مَاذَآ اُجِبْتُمْ ۖ قَالُوْا لَا عِلْمَ لَنَا ۖ اِنَّكَ اَنْتَ عَلَّامُ الْغُيُوْبِ ۝

Yauma yajma'ullaahur rusula fayaquulu maa dzaa ujibtum qaaluu laa 'ilma lanaa innaka anta 'allaamul ghuyuub.

Sejarah Nabi 'Isa a.s.

110. Elinga, ing nalika Allah paring dhawuh: "He 'Isa putra Maryam! Sira ngelingana kani'matanIngsun kang tumrap sira lan Ibunira, yaiku nalika Ingsun angukuhake ing sira kalawan Roh-suci Jibril, sira guneman karo para manungsa ing nalika sira isih ana ing ngembanan, lan nalika wus tuwa, sarta nalika Ingsun wus ngertekake marang sira Kitab lan kawicaksanan, Taurat lan Injil, lan nalika sira gawe manukan lempung kalawan Iziningsun, tumuli sawuse sira damu, dumadakan banjur dadi manuk temenan kalawan Iziningsun, lan nalika sira marasake wong-wong kang wuta, lan wong-wong kang bule kalawan Iziningsun, lan nalika sira nguripake wong kang wus mati kalawan Iziningsun, lan nalika Ingsun anyegah wong Bani Israil kang ngarah sira, yaiku nalika sira nekani marang wong-wong mau kalawan ngampil pirang-pirang ayat, tumuli wong-wong kang padha kafir saka golongane iku malah padha ngucap: "Satemene iki ora ana liya kajaba mung sihir kang terang".

١١٠ - اِذْ قَالَ اللّٰهُ يٰعِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ اذْكُرْ نِعْمَتِيْ عَلَيْكَ وَعَلٰى وَالِدَتِكَ ۘ اِذْ اَيَّدْتُّكَ بِرُوْحِ الْقُدُسِ ۗ تُكَلِّمُ النَّاسَ فِي الْمَهْدِ وَكَهْلًا ۚ وَاِذْ عَلَّمْتُكَ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ وَالتَّوْرٰىةَ وَالْاِنْجِيْلَ ۚ وَاِذْ تَخْلُقُ مِنَ الطِّيْنِ كَهَيْـَٔةِ الطَّيْرِ بِاِذْنِيْ فَتَنْفُخُ فِيْهَا فَتَكُوْنُ طَيْرًا بِاِذْنِيْ وَتُبْرِئُ الْاَكْمَهَ وَالْاَبْرَصَ بِاِذْنِيْ ۚ وَاِذْ تُخْرِجُ الْمَوْتٰى بِاِذْنِيْ ۚ وَاِذْ كَفَفْتُ بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ عَنْكَ اِذْ جِئْتَهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ فَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْهُمْ اِنْ هٰذَآ اِلَّا سِحْرٌ مُّبِيْنٌ ۝

Idz qaalallaahu yaa 'iisabna maryamadzkur ni'matii 'alaika wa 'alaa waalidatika idz ayyadtuka biruuhil qudusi tukallimun naasa fil mahdi wa kahlan ma idz 'allamtukal kitaaba wal hikmata wattauraata wal injiila wa idz takhluqu minath thiini kahai-atith thairi bi idznii fatanfukhu fiihaa fatakuunu thairam bi-idznii wa tubri-ul akmaha wal abrasha bi idznii wa idz tukhrijul mautaa bi idznii wa idz kafaftu banii israa-iila 'anka idz ji'tahum bil bayyinaati faqaalal ladziina kafaruu minhum in haadzaa illaa sihrum mubiin.

111. Lan elinga, ing nalika Ingsun paring wahyu*) marang kaum Hawariyyin, supaya padha iman marang PanjenenganIngsun lan marang UtusanIngsun, dheweke padha matur: "Kita sampun sami ngimanaken, tuwin mugi aneksenana bilih kita punika sami Islam".

١١١ - وَاِذْ اَوْحَيْتُ اِلَى الْحَوَارِيّٖنَ اَنْ اٰمِنُوْا بِيْ وَبِرَسُوْلِيْ ۚ قَالُوْٓا اٰمَنَّا وَاشْهَدْ بِاَنَّنَا مُسْلِمُوْنَ ۝

Wa idz auhaitu ilal hawwaariyyiina an aaminuu bii wa birasuulii qaaluu aamannaa wasyhad bi-annanaa muslimuun.

*). Wahyu ing ng... ateges ilham.

١١٢- إِذْ قَالَ الْحَوَارِيُّونَ يٰعِيسَى ابْنَ مَرْيَمَ هَلْ يَسْتَطِيعُ
رَبُّكَ أَنْ يُنَزِّلَ عَلَيْنَا مَائِدَةً مِنَ السَّمَاءِ قَالَ اتَّقُوا
اللَّهَ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ ۝

112. Elinga, ing nalika kaum Hawariyyin, pendhereke Nabi 'Isa, padha matur: "Dhuh Nabi 'Isa putra Maryam, punapa Pangeran panjenengan punika saged anurunaken dhumateng kita paring rampadan saking Langit?" Dhawuhe Nabi 'Isa: "Sira padha wedia ing Allah, yen nyata sira iku padha mu'min".

Idz qaalal hawwaariyyuuna yaa 'iisabna maryama hal yastathii'u rabbuka ay-yunazzila 'alainaa maa-idatam minas samaa', qaalattaqullaaha in kuntum mu'miniin.

١١٣- قَالُوا نُرِيدُ أَنْ نَأْكُلَ مِنْهَا وَتَطْمَئِنَّ قُلُوبُنَا وَنَعْلَمَ
أَنْ قَدْ صَدَقْتَنَا وَنَكُونَ عَلَيْهَا مِنَ الشَّاهِدِينَ ۝

113. Wong-wong mau padha matur maneh: "Saking kajeng kita supados kita saged nedha rampadan wau, sarta malih supados manah kita lega-tentrem, saha kita lajeng mangertos manawi Panjenengan punika sampun ngandika leres dhumateng kita, ing wusana kita lajeng anyekseni barang ingkang leres".

Qaaluu nuriidu an na'kula minhaa wa tathma-inna quluubunaa wa na'lama anqad shadaqtanaa wanakuunaa 'alaihaa minasy syaahidiin.

١١٤- قَالَ عِيسَى ابْنُ مَرْيَمَ اللّٰهُمَّ رَبَّنَا أَنْزِلْ عَلَيْنَا مَائِدَةً
مِنَ السَّمَاءِ تَكُونُ لَنَا عِيدًا لِأَوَّلِنَا وَآخِرِنَا وَآيَةً
مِنْكَ وَارْزُقْنَا وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّازِقِينَ ۝

114. Nabi 'Isa putra Maryam banjur nenuwun, munjuk ature: "Dhuh Allah Pangeran kita! Mugi Paduka anurunaken dhumateng kita rampadan saking Langit minangka kangge Riyayan tumrap kita, para tetiyang kina dumugi tetiyang ingkang kantun, sarta minangka dados tandha yekti saking ngarsa Paduka, tuwin mugi Paduka paring rezeki dhumateng kita, jalaran namung Paduka pribadi punika sahe-sahenipun Pangeran ingkang paring rezeki".

Qaala 'iisabnu maryamallaahumma rabbanaa anzil 'alainaa maa-idatam minassamaa-i takuunu lanaa 'iidal li awwalinaa wa aakhirinaa wa aayatam minka warzuqnaa wa anta khairur raaziqiin.

١١٥- قَالَ اللَّهُ إِنِّي مُنَزِّلُهَا عَلَيْكُمْ فَمَنْ يَكْفُرْ بَعْدُ مِنْكُمْ
فَإِنِّي أُعَذِّبُهُ عَذَابًا لَا أُعَذِّبُهُ أَحَدًا مِنَ الْعَالَمِينَ ۝

115. Dhawuhing Allah: "Sanyata Ingsun arsa anurunake rampadan marang sira kabeh, tumuli ing sawuse iki sing sapa saka kancanira isih ana kang kafir, Ingsun mesthi anyiksa marang dheweke kalawan siksa kang durung tahu Ingsun patrapake ing sawiji bae saka wong sa'alam kabeh".

Qaalallaahu innii munazziluhaa 'alaikum famay yakfur ba'du minkum fa innii u'adzdzibuhuu 'adzaabal laa u'adzdzibuhuu ahadam minal 'aalamiin.

١١٦- وَإِذْ قَالَ اللَّهُ يٰعِيسَى ابْنَ مَرْيَمَ ءَأَنْتَ قُلْتَ لِلنَّاسِ
اتَّخِذُونِي وَأُمِّيَ إِلٰهَيْنِ مِنْ دُونِ اللَّهِ قَالَ سُبْحَانَكَ
مَا يَكُونُ لِي أَنْ أَقُولَ مَا لَيْسَ لِي بِحَقٍّ إِنْ كُنْتُ
قُلْتُهُ فَقَدْ عَلِمْتَهُ تَعْلَمُ مَا فِي نَفْسِي وَلَا أَعْلَمُ

116. Elinga, ing nalika Allah paring dhawuh: "He 'Isa putra Maryam! Apa bener sira dhawuh marang para manungsa: "Sira padha nganggepa Aku lan Ibuku dadi Pangeran-sesembahan saliyane Allah?", Nabi 'Isa munjuk atur: "Maha Suci Paduka! Kawula boten babar-pisan, kawula boten dhawuh perkawis ingkang boten leres, manawi kawula ngantos

dhawuh kados makaten Paduka tamtu Ngawuningani, jalaran Paduka Maha Ngawuningani barang ingkang wonten ing manah kawula, dene kawula boten mangertos barang ingkang wonten ing Sarira Paduka, sayektos Paduka punika Maha Wikan sadaya barang-kawontenan ingkang ghaib".

مَا فِيْ نَفْسِكَ ۚ اِنَّكَ اَنْتَ عَلَّامُ الْغُيُوْبِ ۝

Wa idz qaalallaahu yaa 'iisabna maryama a-anta qulta linnaasittakhidzuunii wa-ummiya ilaahaini min duunillaah, qaala sub-haanaka maa yakuunu lii an aquula maa laisa lii bihaqqin inkuntu qultuhuu faqad 'alimtahuu, ta'lamu maa fii nafsii walaa a'lamu maa fii nafsik, innaka anta 'allaamul ghuyuub.

117. "Kawula boten mucal-muruk dhumateng tetiyang kathah wau kajawi namung barang ingkang sampun Paduka dhawuhaken dhumateng kawula, inggih punika: "Sira padha nyembaha marang Allah, Pangeran-sesembahanira". Kawula anjagi tetiyang wau salaminipun kawula taksih kempal kaliyan piyambakipun, ananging manawi Paduka sampun ngersakaken mundhut kawula, Paduka piyambak ingkang badhe angawas-awasi dhumateng tetiyang wau, lan Paduka punika ingkang Maha Ngawuningani ing sadaya kawontenan".

١١٧- مَا قُلْتُ لَهُمْ اِلَّا مَآ اَمَرْتَنِيْ بِهٖٓ اَنِ اعْبُدُوا اللّٰهَ رَبِّيْ وَرَبَّكُمْ ۚ وَكُنْتُ عَلَيْهِمْ شَهِيْدًا مَّا دُمْتُ فِيْهِمْ ۚ فَلَمَّا تَوَفَّيْتَنِيْ كُنْتَ اَنْتَ الرَّقِيْبَ عَلَيْهِمْ ۗ وَاَنْتَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ شَهِيْدٌ ۝

Maa qultu lahum illaa maa amartanii bihii ani'budullaaha rabbii wa rabbakum wa kuntu 'alaihim syahiidam maa dumtu fiihim falammaa tawaffaitanii kunta antar raqiiba 'alaihim, wa anta 'alaa kulli syai-in syahiid.

118. "Manawi Paduka anyiksa tetiyang wau, sayektor tetiyang punika pancen kawula Paduka, dene manawi Paduka paring pangaksama dhumateng tetiyang punika, sayektos Paduka punika ingkang Gagah Prakosa sarta Maha Wicaksana".

١١٨- اِنْ تُعَذِّبْهُمْ فَاِنَّهُمْ عِبَادُكَ ۚ وَاِنْ تَغْفِرْ لَهُمْ فَاِنَّكَ اَنْتَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

In tu'adzdzibhum fa-innahum 'ibaaduka wa in taghfir lahum fa-innaka antal 'aziizul hakiim.

119. Dhawuhing Allah: "Ana ing dina Qiyamat iki, wong-wong kang padha temen oleh piguna, jalaran saka katemenane, dheweke padha manggon ana ing Suwarga kang kaline sapirang-pirang padha mili ana sangisore, ana ing kono padha langgeng. Allah rena/ridha peparing[323] marang wong-wong mau, lan wong-wong mau uga padha ridha marem marang PanjenengaNe. Mangkono iku kabegjan kang agung.

١١٩- قَالَ اللّٰهُ هٰذَا يَوْمُ يَنْفَعُ الصّٰدِقِيْنَ صِدْقُهُمْ ۗ لَهُمْ جَنّٰتٌ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۗ رَضِيَ اللّٰهُ عَنْهُمْ وَرَضُوْا عَنْهُ ۗ ذٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

Qaalallaahu haadzaa yaumu yanfa'ush shaadiqiina shidquhum, lahum jannaatun tajrii imin tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa abadaa, radhiyallaahu 'anhum waradhuu 'anhu, dzaalikal fauzul 'adziim.

323). Menggah gamblangipun, Gusti Allah s.w.t. rena ing sadaya solah bawanipun tiyang-tiyang wau, samanten ugi tiyang-tiyang wau ugi sami kraos lan rumaos dipun uja supados marem nampi kani'matan saking ngarsaning Allah.

120. Karatoning Langit lan Bumi, dalah saisine kabeh iku kagunganing Allah, lan PanjenengaNe iku Maha Kuwasa ing samubarang.

١٢٠- لِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا فِيْهِنَّ ۗ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝ ع ١٦

Lillaahi mulkus samaawaati wal ardhi wamaa fiihinna, wahuwa 'alaa kulli syai-in qadiir.

***). Minangka panutuping katerangan sarta wigatosipun nyinau tandhingan (comperative study) ing antawisipun Surat Al Maaidah lan Surat Al An'aam, antawisipun kados kasebat ing ngandhap punika.

1. Akhir ing Surat Al Maaidah anerangaken bilih Gusti Allah ingkang Angratoni Langit-Langit lan Bumi, sarta paring piwales dhateng sadaya tumindakipun para manungsa wonten ing Donya, ananging wonten wiwitanipun Surat Al An'aam ayat ingkang murwakani anerangaken bilih sadaya pangalembana hamung kunjuk ing Gusti Allah ingkang nitahaken 'Alam Jagad Pramudita, sarta 'alam raya wau dados sumber karaharjaan lan sumber energi ingkang vital tumrap ngrembakanipun kabudayaning manusiawi.

2. Surat Al An'aam ngemot katerangan pokok-pokok bab dhaharan ingkang haram, dene wonten ing Surat Al Maaidah anerangaken bab dhaharan haram wau sarana dipun perinci, dipun wijang-wijang satunggal-satunggalipun barang haram wau. Inggih makaten punika salah-satunggaling norma (angger) Agami ingkang ngupadi karidlaning Allah Subhaanahu wata'aala!

AL AN'AAM (KEWAN RAJA KAYA)
Surat kaping 6 : 165 ayat
Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, tumurun sawuse Surat Al Hijr, kajaba ayat 20, 23, 91, 114, 151, 152, lan 153 tumurun ana ing Madinah

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Dalil tandha yekti ke-Esaan**) Allah, keyakinan iki akhire menang!

1. Sakehing puji astuti iku kagunganing Allah, kang wus anitahake Langit lan Bumi, sarta kang wus andamel peteng lan padhang, ananging wong-wong kafir iku padha nyakuthokake marang PangeraNe.

١ - اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِىْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَجَعَلَ الظُّلُمٰتِ وَالنُّوْرَ ۗ ثُمَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِرَبِّهِمْ يَعْدِلُوْنَ ۝

Alhamdu lillaahil ladzii khalaqas samaawaati wal ardha wa ja'alazh zhulumaati wan nuur, tsummal ladziina kafaruu birabbihim ya'diluun.

2. PanjenengaNe Allah wus anitahake ing sira kabeh saka lemah, tumuli PanjenengaNe anamtokake waktuning matinira, lan waktu siji maneh, yaiku rusaking jagad-raya uga wus katamtokake ana ing ngarsaning Allah, ananging sira kabeh teka isih padha mamang.

٢ - هُوَ الَّذِىْ خَلَقَكُمْ مِّنْ طِيْنٍ ثُمَّ قَضٰٓى اَجَلًا ۗ وَاَجَلٌ مُّسَمًّى عِنْدَهٗ ثُمَّ اَنْتُمْ تَمْتَرُوْنَ ۝

Huwal ladzii khalaqakum min thiinin tsumma qadhaa ajalaa, wa ajalum musamman 'indahuu tsumma antum tamtaruun.

3. Lan PanjenengaNe Allah iku jumeneng Pangeran kang sinembah sembah ana ing Langit lan ana ing Bumi, PanjenengaNe tansah ngawuningani barang kang padha sira ampetake lan barang kang sira katonake, PanjenengaNe ngawuningani kabeh barang kang padha sira lakoni.

٣ - وَهُوَ اللّٰهُ فِى السَّمٰوٰتِ وَفِى الْاَرْضِ ۗ يَعْلَمُ سِرَّكُمْ وَجَهْرَكُمْ وَيَعْلَمُ مَا تَكْسِبُوْنَ ۝

Wahuwallaahu fissamaawaati wafil ardh, ya'lamu sirrakum wajahrakum waya'lamu maa taksibuun.

**). Esa = suwiji = siji-thil = siji ora ana tunggale.

Apa sababe kaum musyrikin padha kafir?

4. Lan ora tumeka marang dheweke sawijining ayate Pangeran kang sinembah, kajaba dheweke iku padha ngungkurake ayat iku.

٤ - وَمَا تَأْتِيهِمْ مِّنْ اٰيَةٍ مِّنْ اٰيٰتِ رَبِّهِمْ اِلَّا كَانُوْا عَنْهَا مُعْرِضِيْنَ ○

Wamaa ta'tiihim min aayatim min aayaati rabbihim illaa kaanuu 'anhaa mu'ridhiin.

5. Mangka sanyatane dheweke wus padha anggorohake barang kang bener,kang tumeka marang dheweke. Jalaran saka iku kasunyatane barang kang padha digeguyu besuk bakal tumeka marang wong-wong mau.

٥ - فَقَدْ كَذَّبُوْا بِالْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمْ فَسَوْفَ يَأْتِيْهِمْ اَنْۢبٰٓؤُا مَا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ ○

Faqad kadzdzabuu bil haqqi lammaa jaa-ahum, fasaufa ya'tiihim ambaa-u maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

Sosiologi agama lan riset babagan agama!

6. Apa wong-wong mau ora padha weruh sapira akehe generasi-generasi kang Ingsun sirnakake sadurunge dheweke, ing mangka Ingsun manggonake wong-wong mau ana ing Bumi kang Ingsun kukuhake kanggo generasi mau, apa dene pangukuhan mau durung tahu Ingsun paringake marang sira, lan Ingsun wus nurunake udan deres marang dheweke, sarta Ingsun andamel kali-kali kang mili ana ngisore wong-wong mau, tumuli Ingsun ngrusak marang wong-wong mau jalaran saka dosane, sawuse iku Ingsun banjur anitahake ummat liyane. 324)

٦ - اَلَمْ يَرَوْا كَمْ اَهْلَكْنَا مِنْ قَبْلِهِمْ مِّنْ قَرْنٍ مَّكَّنّٰهُمْ فِى الْاَرْضِ مَا لَمْ نُمَكِّنْ لَّكُمْ وَاَرْسَلْنَا السَّمَآءَ عَلَيْهِمْ مِّدْرَارًا وَّجَعَلْنَا الْاَنْهٰرَ تَجْرِىْ مِنْ تَحْتِهِمْ فَاَهْلَكْنٰهُمْ بِذُنُوْبِهِمْ وَاَنْشَاْنَا مِنْۢ بَعْدِهِمْ قَرْنًا اٰخَرِيْنَ ○

Alam yarau kam ahlaknaa min qablihim min qarnim makkannaahum fil ardhi maalam numakkil lakum wa arsalnassamaa-a 'alaihim midraaraw wa ja'alnal anhaara tajrii min tahtihim fa ahlaknaahum bidzunuubihim wa ansya'naa mim ba'dihim qarnan aakhariin.

7. Lan saupama Ingsun anurunake sawijining Kitab marang sira Muhammad mung ana ing dluwang kang kena digrayang dening tangane wong-wong mau, yekti wong-wong kafir mau bakal padha ngucap: "Iki ora ana liya kang terang kajaba mung sihir bae".

٧ - وَلَوْ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ كِتٰبًا فِىْ قِرْطَاسٍ فَلَمَسُوْهُ بِاَيْدِيْهِمْ لَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اِنْ هٰذَآ اِلَّا سِحْرٌ مُّبِيْنٌ ○

Walau nazzalnaa 'alaika kitaaban fii qirthaasin falamasuuhu bi aidiihim laqaalal ladziina kafaruu in haadzaa illaa sihrum mubiin.

---

324). Ngrembakaning **ilmu bangsa-bangsa** sarta sintena kemawon ngersakaken riset keagamaan, saestu **sosiologi agama** badhe ambiyantu ageng sanget sampurnanipun. Sebab sosiologi agama ing zaman modern angrembak, antawisipun: kadospundi agama dados pola lan ngarahaken masyarakat, kadospundi wigatosipun para **panguwaos Pamarentah** kedah sesarengan ngabdi ing masyarakat kaliyan **Alim Ulama,** murih kiyat **Ketahanan** Nasional sarta kadospundi angrukti gesang rukun ing antawisipun ummat ingkang mawarni-warni agaminipun, lan sanesipun!

٨ - وَقَالُوا لَوْلَآ أُنْزِلَ عَلَيْهِ مَلَكٌ ۖ وَلَوْ أَنْزَلْنَا مَلَكًا لَّقُضِيَ الْأَمْرُ ثُمَّ لَا يُنْظَرُونَ ۝

Wa qaaluu laulaa unzila 'alaihi malak, walau anzalnaa malakal laqudhiyal amru tsumma laa yunzharuun.

8. Lan dheweke padha ngucap: "Yagene Malaikat kok ora diturunake marang Nabi Muhammad?" Mangka manawa Ingsun nurunake Malaikat, yekti perkarane banjur rampung, tumuli dheweke ora padha disarantekake."

٩ - وَلَوْ جَعَلْنَاهُ مَلَكًا لَّجَعَلْنَاهُ رَجُلًا وَلَلَبَسْنَا عَلَيْهِم مَّا يَلْبِسُونَ ۝

Walau ja'alnaahu malakal laja'alnaahu rajulaw wa lalabasnaa 'alaihim maa yalbisuun.

9. Lan manawa Ingsun andamel Rasul iku saka Malaikat, yekti Ingsun andamel dheweke iku rupa wong lanang, lan yekti Ingsun nyamarake Malaikat mau kaya anggone nyamarake Malaekat memba manungsa marang Nabi Muhammad

١٠ - وَلَقَدِ اسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّن قَبْلِكَ فَحَاقَ بِالَّذِينَ سَخِرُوا مِنْهُم مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ۝

Walaqadis-tuhzi-u birusulim min qablika fahaaqa billadziina sakhiruu minhum maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

10. Yekti para andika Rasul sadurungira iku, uga padha disepelekake digeguyu, katemahane golongan kang anggeguyu para andika Rasul mau banjur kapatrapan siksa, jalaran saka anggone padha anggeguyu-nyepelekake.

١١ - قُلْ سِيرُوا فِي الْأَرْضِ ثُمَّ انظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُكَذِّبِينَ ۝

Qul siiruu fil ardhi tsumman-zhuruu kaifa kaana 'aaqibatul mukadzdzibiin.

11. Dhawuha sira Muhammad, marang golongan kang anggorohake ing sira: "Sira padha lelungana[325] ana ing Bumi kang wus karawuhan da'wah Rasul, tumuli sira padha andelenga, (permanakna, sarana riset keagamaan) kapriye mungguh katemahane wong-wong kang padha anggorohake para andika Rasul mau?"

Kaagunganing Allah (transendensi ke-Tuhanan) lan tandha yekti Risalah Muhammad s.a.w.

١٢ - قُل لِّمَن مَّا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۖ قُل لِّلَّهِ ۚ كَتَبَ عَلَىٰ نَفْسِهِ الرَّحْمَةَ ۚ لَيَجْمَعَنَّكُمْ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ ۚ الَّذِينَ خَسِرُوا أَنفُسَهُمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ۝

12. Dhawuha sira Muhammad: "Kabeh isen-isening Langit lan Bumi iku kagungane sapa?" Dhawuha sira Muhammad: "Iku kagungane Allah, PanjenengaNe wus anyanggemi bakal maringake Rakhmate. PanjenengaNe wus anyanggemi bakal maringake Rakhmate. PanjenengaNe bakal ngumpulake sira

325). Inggih punika kekesahan ingkang perlu marsudi ing kawruh, kados dene arkeologi, antropologi, ilmu sejarah, ilmu basa, ilmu tata praja, arsitek bangunan lan sanes-sanesipun, dados boten sekadar kekesahan utawi darmawisata ingkang tanpa piguna!

kabeh ana ing dina Qiyamat kang wus ora mamang maneh bakal kelakone. Dene wong-wong kang padha agawe kapitunaning awake dhewe, nalika iku dheweke ora padha diarani wong kang padha iman.

Qul limam maa fis samaawaati wal ardh, qul lillaah, kataba 'alaa nafsihir rahmah, layajma'annakum ilaa yaumil qiyaamati laa raiba fiih, alladziina khasiruu anfusahum laa yu'minuun.

13. Lan kagunganing Allah iku samubarang kang manggon-kaayoman ana ing wayah wengi lan rina, lan Panjenengane iku Maha Midhanget sarta Maha Wuninga". 326)

١٣- وَلَهُ مَا سَكَنَ فِي الَّيْلِ وَالنَّهَارِ ۚ وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Walahuu maa sakana fillaili wannahaar, wahuwas samii'ul 'aliim.

14. Dhawuha sira Muhammad: "Apa pantes aku nganggep pangayom saliyane Allah kang anitahake Langit lan Bumi, sarta Panjenengane ingkang paring pangan, lan ora ana wong kang caos dhahar marang Panjenengane?" Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata aku didhawuhi supaya dadi wiwitane wong kang Islam, lan dhawuhing Allah: "Sira aja pisan-pisan dadi golongane wong kang musyrik".

١٤- قُلْ أَغَيْرَ اللَّهِ أَتَّخِذُ وَلِيًّا فَاطِرِ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَهُوَ يُطْعِمُ وَلَا يُطْعَمُ ۗ قُلْ إِنِّي أُمِرْتُ أَنْ أَكُونَ أَوَّلَ مَنْ أَسْلَمَ ۖ وَلَا تَكُونَنَّ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ۝

Qul afaghairallaahi attakhidzuu waliyyan faathiris samaawaati wal ardhi wahuwa yuth'imu walaa yuth'am, qul innii umirtu an akuuna awwala man aslama walaa takuunanna minal musyrikiin.

15. Dhawuha sira Muhammad: "Satemene aku wedi marang siksa kang banget abote, ing besuk dina Qiyamat kang gedhe pakewuhe, manawa aku kongsi duraka marang Pangeranku.

١٥- قُلْ إِنِّي أَخَافُ إِنْ عَصَيْتُ رَبِّي عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ۝

Qul innii akhaafu in 'ashaitu rabbii 'adzaaba yaumin 'azhiim.

16. Sapa kang ana ing dina iku diengokake saka Naraka, yekti Pangeran wus paring Rakhmat marang dheweke, lan iya mangkono iku kabegjan kang agung.

١٦- مَنْ يُصْرَفْ عَنْهُ يَوْمَئِذٍ فَقَدْ رَحِمَهُ ۚ وَذَٰلِكَ الْفَوْزُ الْمُبِينُ ۝

May yushraf 'anhu yauma-idzin faqad rahimahuu, wa dzaalikal fauzul mubiin.

326). Saking ayat 12 dumugi ayat 21 Surat Al-An'Aam punika saged kasuraos kalih kawigatosan: inggih punika anerangaken bilih Agama Islam punika Agama **Risalah**, lan Agama **Da'wah**, liripun makaten: Kaagunganing Allah ingkang awujud 'alam jagad pramudita saisinipun, sarta jejer tumitahing manungsa, dados sesulih kaagunganing Allah, punika sangkan paraning dumadinipun cocok sanget kalayan fitrah tumitahipun. Inggih punika sadaya manungsa piyambak ingkang kawogan lan tanggel jawab wiwit gesangipun wonten ing Donya dumugi benjing ing dinten Akhir, sowan ing ngarsanipun Allah s.w.t. Pramila fungsi tugas-pokokipun para Muballigh utawi ahli Da'wah, boten wonten sanes Da'wah punika **amanggihaken fitrahing manungsa kalayan Wahyu Ilahy Rabby (Al Quraan)**. Dene Wahyu utawi **Undang-Undang Ilahy** punika **Kalamullah** ingkang tumurunipun namung khusus dhumateng Rasullulah s.a.w. lumantar panjenenganipun Malaikat Jibril a.s. Dados sanes cara amarsudi Wangsit, minggah redi, mlebet guwa, ing wayah nedhenging rembulan purnama sidi, utawi Lelono tapabrata sapiturutipun; utawi cara Yogi, samadi, inkarnasi, manunggaling Kawula lan Gusti, lan sistim sanes-sanesipun ingkang cetha sanget asalipun saking raos boten marem ngupados katentremaning batos (ruhaniyah) ingkang asalipun dipun pikir-pikir dening akal budinipun piyambak. Dados Wahyu ingkang pungkasan punika namung Al Quraan!

Para sutrisna, Wahyu Ilahy punika boten memengsahan kaliyan Pancaindria lan Akal. Kula aturi katerangan lugu, leres, sae lan suci, inggih punika bilih **Wahyu Ilahy, Pancadria lan Akal** punika peparing saking ngarsaning Allah s.w.t. Pundi ingkang boten kagayuh Pancadria dipun pethuk dening Akal, sarta pundi ingkang boten utawi dereng kasumerepan dening Akal, sarta pundi ingkang boten utawi dereng kasumerepan dening Akal, dipun tuntun dening Wahyu Ilahy.

17. Dene manawa Allah matrapake ing sira kalawan bebaya Muhammad, mesthi ora ana kang bisa ngilangake bebaya iku kajaba mung Allah piyambak, nanging manawa Allah maringake ing sira kalawan kabecikan, dhasar Panjenengane Allah iku kang Maha Kuwasa ing samubarang.

١٧- وَإِنْ يَّمْسَسْكَ اللّٰهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ لَهٗٓ إِلَّا هُوَ ۖ
وَإِنْ يَّمْسَسْكَ بِخَيْرٍ فَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Wa iy yamsaskallaahu bidhurrin falaa kaasyifa lahuu illaa huwa wa-iy yamsaska bikhairin fahuwa 'alaa kulli syai-in qadiir

18. Lan hiya Panjenengane Allah iku kang asipat Murba Wasesa ngluwihi kabeh kawulane, lan Panjenengane Allah iku ingkang Wicaksana sarta ingkang Waspada.

١٨- وَهُوَ الْقَاهِرُ فَوْقَ عِبَادِهٖ ۚ وَهُوَ الْحَكِيْمُ الْخَبِيْرُ ۝

Wahuwal qaahiru fauqa 'ibaadihii, wahuwal hakiimul khabiir.

19. Dhawuha sira Muhammad: "Ngendi ana paseksen kang gedhene ngungkuli tinimbang anggone anyekseni Allah?" Dhawuha sira Muhammad: "Allah iku anyekseni ana ing antarane Aku lan sira, lan diturunake wahyu Quraan iki marang aku, supaya kena dak enggo memedeni marang sira kabeh, lan kabeh wong kang wus padha katekan da'wah". Apata sira padha anyekseni manawa ana pirang-pirang sesembahan liya kang anartani Allah?" Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata Panjenengane iku Pangeran-Sesembahan kang Suwiji, lan satemene aku ora gepokan karo barang kang padha sira sakuthokake".

١٩- قُلْ أَيُّ شَيْءٍ أَكْبَرُ شَهَادَةً ۖ قُلِ اللّٰهُ ۖ شَهِيْدٌ بَيْنِيْ
وَبَيْنَكُمْ ۚ وَأُوْحِيَ إِلَيَّ هٰذَا الْقُرْاٰنُ لِأُنْذِرَكُمْ بِهٖ
وَمَنْۢ بَلَغَ ۚ أَئِنَّكُمْ لَتَشْهَدُوْنَ أَنَّ مَعَ اللّٰهِ اٰلِهَةً
أُخْرٰى ۚ قُلْ لَّآ أَشْهَدُ ۚ قُلْ إِنَّمَا هُوَ إِلٰهٌ وَّاحِدٌ وَّ
إِنَّنِيْ بَرِيْٓءٌ مِّمَّا تُشْرِكُوْنَ ۝

Qul ayyu syai-in akbaru syahaadah, qulillaahu syahiidum bainii wa bainakum wa uuhiya ilayya haadzal qur-aanu liundzirakum bihii wamam balagha a-innakum latasyhaduuna anna ma'allaahi aalihatan ukhraa, qul laa asyhadu qul innamaa huwa ilaahuw waahiduw wa innanii barii-um mimmaa tasykuruun..

20. Wong-wong kang Ingsun paringi Kitab, iku padha mangerti marang Muhammad kaya anggone padha mangerti marang anak-anake. Ewa dene wong kang padha agawe kapitunan marang awake dhewe, mangka dheweke iku ora padha diarani wong-wong kang padha iman.

٢٠- اَلَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ يَعْرِفُوْنَهٗ كَمَا يَعْرِفُوْنَ
أَبْنَآءَهُمُ ۘ اَلَّذِيْنَ خَسِرُوْٓا أَنْفُسَهُمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝ ع

Alladziina aatainaa humul kitaaba ya'rifuunahuu kamaa ya'rifuuna abnaaahum, alladziina khasiruu anfusahum fahum laa yu'minuun.

21. Lan sapa ta wong kang luwih anganiaya ngungkuli wong kang gawe gegorohan ana ngarsane Allah, utawa anggorohake ayat-ayat ing Allah. Sanyata wong-wong kang padha nganiaya iku ora bakal padha begja.

٢١- وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ
بِاٰيٰتِهٖ ۚ إِنَّهٗ لَا يُفْلِحُ الظّٰلِمُوْنَ ۝

Waman azhlamu mimmaniftaraa 'alallaahi kadziban au kadzdzaba bi aayaatihii, innahuu laa yuflihuzh zhaalimuun.

Kahanane wong-wong Musyrik besuk ing dina Qiyamat.

22. Lan elinga, besuk ing dina Qiyamat Ingsun anglumpukake wong-wong Musyrik mau kabeh, tumuli Ingsun dhawuh marang wong-wong Musyrik: "Ana ngendi sesembahan brahala kang padha sira anggep dadi sakuthoningsun?"

٢٢- وَيَوْمَ نَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا ثُمَّ نَقُولُ لِلَّذِينَ أَشْرَكُوا
أَيْنَ شُرَكَاؤُكُمُ الَّذِينَ كُنْتُمْ تَزْعُمُونَ ۝

Wayauma nahsyuruhum jamii'an tsumma naquulu lilladziina asyrakuu aina syurakaa-ukumul ladziina kuntum taz'umuun.

23. Tumuli ora ana fitnahe wong-wong mau kajaba mung padha sumpah: "Demi Allah, Pangeran sesembahan kita, kita punika boten nyakuthokaken dhumateng Paduka".

٢٣- ثُمَّ لَمْ تَكُنْ فِتْنَتُهُمْ إِلَّا أَنْ قَالُوا وَاللَّهِ رَبِّنَا مَا
كُنَّا مُشْرِكِينَ ۝

Tsumma lam takun fitnatuhum illaa an qaaluu wallaahi rabbinaa maa kunnaa musyrikiin.

24. Sira andelenga, kapriye hlakok wong-wong mau padha anggorohake marang awake dhewe, lan sirna sesembahan brahala gaweyan, gegorohane wong-wong mau.

٢٤- انْظُرْ كَيْفَ كَذَبُوا عَلَى أَنْفُسِهِمْ وَضَلَّ عَنْهُمْ مَا كَانُوا
يَفْتَرُونَ ۝

Unzhur kaifa kadzabuu 'alaa anfusihim wa dhalla 'anhum maa kaanuu yafta-'n.

25. Sawenehe wong-wong mau ana kang sowan marang sira karana arep ngrungokake piwulangira, ananging Ingsun wus andamel tutup ana ing atine wong-wong mau, mulane dheweke ora bisa mangerti nampa piwulang iku, lan Ingsun andamel tutup ana ing kupinge. Lan manawa wong-wong mau padha andeleng sadhengah ayat, dheweke ora padha gelem iman, nganti manawa wong-wong mau padha sowan sira, malah padha ambantah ing sira. Ngucap wong-wong kang padha kafir: "Al Quraan punika sanes punapa-punapa kajawi namung dedongenganipun tetiyang jaman kina".

٢٥- وَمِنْهُمْ مَنْ يَسْتَمِعُ إِلَيْكَ وَجَعَلْنَا عَلَى قُلُوبِهِمْ
أَكِنَّةً أَنْ يَفْقَهُوهُ وَفِي آذَانِهِمْ وَقْرًا وَإِنْ يَرَوْا
كُلَّ آيَةٍ لَا يُؤْمِنُوا بِهَا حَتَّى إِذَا جَاءُوكَ يُجَادِلُونَكَ
يَقُولُ الَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ هَذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ۝

Wa minhum may yastami'u ilaika wa ja'alnaa 'alaa quluubihim akinnatan ayyafqahuu wa fii aadzaanihim waqraa, wa iy-yarau kulla aayatil laa yu'minuu bihaa, hattaa idzaa jaa-uuka yujaadiluunaka yaquulul ladziina kafaruu in haadzaa illaa asaathiirul awwaliin.

26. Dheweke padha nyegah wong-wong liya aja kongsi ngrungokake Al Quraan, lan dheweke dhewe uga padha ngedohi saka iku Quraan, lan dheweke ora ngrusak kajaba marang awake dhewe, ananging dheweke ora padha ngrumangsani.

٢٦- وَهُمْ يَنْهَوْنَ عَنْهُ وَيَنْأَوْنَ عَنْهُ وَإِنْ يُهْلِكُونَ
إِلَّا أَنْفُسَهُمْ وَمَا يَشْعُرُونَ ۝

Wahum yanhauna 'anhu wa yan-auna 'anhu wa iy-yuhlikuuna illaa anfusihim wamaa yasy'uruun.

27. Saupama sira andeleng marang wong-wong kafir mau nalika dheweke padha dilerenake ana sapinggiring Naraka, tumuli dheweke munjuk atur: "Dhuh nelangsa saestu kawula, mbok inggiha kita kawangsulaken malih dhumateng Donya, saestu kita boten badhe maiben malih dhumateng sadaya ayat-ayating Pangeran sesembahan kita, tuwin kita badhe dados golonganipun tetiyang ingkang iman'

٢٧- وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذْ وُقِفُوا۟ عَلَى ٱلنَّارِ فَقَالُوا۟ يَٰلَيْتَنَا نُرَدُّ وَلَا نُكَذِّبَ بِـَٔايَٰتِ رَبِّنَا وَنَكُونَ مِنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۝

Walau taraa idz wuqifuu 'alan naari faqaaluu yaa laitanaa nuraddu walaa nukadzdziba bi-aayaati rabbinaa wanakuuna minal mu'miniin.

28. Nanging wus nyata tumrap dheweke barang kang padha diumpetake ing jaman biyen, lan manawa dheweke padha dibalekake menyang Donya maneh, yekti bakal padha cidra ing janji ambaleni tumindak kang dicegah, jalaran pancen dheweke iku dhemen goroh", 327)

٢٨- بَلْ بَدَا لَهُم مَّا كَانُوا۟ يُخْفُونَ مِن قَبْلُ ۖ وَلَوْ رُدُّوا۟ لَعَادُوا۟ لِمَا نُهُوا۟ عَنْهُ وَإِنَّهُمْ لَكَٰذِبُونَ ۝

Bal badaa lahum maa kaanuu yukhfuuna min qablu, walau rudduu la'aaduu limaa nuhuu 'anhu wa innahum lakaadzibuun.

29. Lan mesthi wong-wong mau uga bakal padha ngucap: "Urip iku ora ana liya hiya mung kauripan ana ing Donya thok, lan kita iki ora bakal ditangekake saka kubur".

٢٩- وَقَالُوٓا۟ إِنْ هِىَ إِلَّا حَيَاتُنَا ٱلدُّنْيَا وَمَا نَحْنُ بِمَبْعُوثِينَ ۝

Wa qaaluu in hiya illaa hayaatunaddun-yaa wamaa nahnu bimab'uutsiin.

30. Lan saupama sira andeleng marang wong-wong kafir mau, yaiku ing nalika disowanake ana ing ngarsaning Pangerane kang disembah-sembah, tumuli Allah paring dhawuh: "Harak bener ta, tangi saka kubur iku nyata?" Dheweke munjuk atur: "Inggih leres, demi Pangeran sesembahan kita". Allah paring dhawuh maneh: "Mara sira padha ngrasakna siksa iki, jalaran anggonira padha kafir".

٣٠- وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذْ وُقِفُوا۟ عَلَىٰ رَبِّهِمْ ۚ قَالَ أَلَيْسَ هَٰذَا بِٱلْحَقِّ ۚ قَالُوا۟ بَلَىٰ وَرَبِّنَا ۚ قَالَ فَذُوقُوا۟ ٱلْعَذَابَ بِمَا كُنتُمْ تَكْفُرُونَ ۝

Walau taraa idz wuqifuu 'alaa rabbihim, qaala alaisa haadzaa bil haqq, qaaluu balaa wa rabbinaa, qaala fadzuuqul 'adzaaba bimaa kuntum takfuruun.

31. Temen wus padha kapitunan wong-wong kang padha maido perkara anggone bakal padha sowan ana ngarsaning Allah, nganti nalika dina Qiyamat ujug-ujug teka kalawan dadakan marang wong-wong mau, dheweke padha ngucap: "Adhuh cilaka awakku, gedhe banget anggon kita gegetun, sebab dening kita nglirwakake dina Qiyamat iki", ngucap mangkono mau karo dheweke padha

٣١- قَدْ خَسِرَ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِلِقَآءِ ٱللَّهِ حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَتْهُمُ ٱلسَّاعَةُ بَغْتَةً قَالُوا۟ يَٰحَسْرَتَنَا عَلَىٰ مَا فَرَّطْنَا فِيهَا وَهُمْ يَحْمِلُونَ أَوْزَارَهُمْ عَلَىٰ ظُهُورِهِمْ ۚ أَلَا سَآءَ مَا يَزِرُونَ ۝

327). Saestunipun tetiyang wau boten gadhah niat kepingin wangsul ing Donya, ananging sumerap siksa ingkang sakalangkung nggegirisi manah lajeng ngucap ingkang boten-boten.

mikul dosa-dosa ana dhuwuring gegere. Elinga, padha-padha momotan kang ala dhewe, yaiku dosa kang padha digendhong dening wong-wong mau.

Qad khasiral ladziina kadzdzabuu biliqaaillaah, hattaa idzaa jaa-at humus saa-'atu baghtatan qaaluu yaa hasratanaa 'alaa maa farrathnaa fiihaa wahum yahmiluuna auzaarahum 'alaa zhuhuurihim, alaa saa-a maa yaziruun.

٣٢. وَمَا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَآ اِلَّا لَعِبٌ وَّلَهْوٌ ۭ وَلَلدَّارُ الْاٰخِرَةُ خَيْرٌ لِّلَّذِيْنَ يَتَّقُوْنَ ۭ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ۝

32. Ora ana liya panguripan Donya iku kajaba mung dedolanan, lan lelahanan, dene kauripan Akherat iku sanyata luwih becik tumrap wong-wong kang padha taqwa ing Allah,[328] apa sira ora padha mikir-mikir?

Wamal hayaatud dun-yaa illaa la'ibuw walahwuw wa laddaarul aakhiratu khairul lilladziina yattaquun, afalaa ta'qiluun.

٣٣. قَدْ نَعْلَمُ اِنَّهٗ لَيَحْزُنُكَ الَّذِيْ يَقُوْلُوْنَ فَاِنَّهُمْ لَا يُكَذِّبُوْنَكَ وَلٰكِنَّ الظّٰلِمِيْنَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ يَجْحَدُوْنَ ۝

33. Sanyata Ingsun wus ngawuningani manawa pangucape wong-wong kafir mau yekti ndadekake susah-prihatinira Muhammad, ananging sajatine wong-wong mau ora padha anggorohake ing sira, balik wong-wong kang padha dlalim iku padha ingkar ing ayat-ayating Allah.

Qad na'lamu innahuu layahzunukal ladzii yaquuluuna fa-innahum laa yukadzdzibuunaka walaakinnazh zhaalimiina bi aayaatillaahi yajhaduun.

٣٤. وَلَقَدْ كُذِّبَتْ رُسُلٌ مِّنْ قَبْلِكَ فَصَبَرُوْا عَلٰي مَا كُذِّبُوْا وَاُوْذُوْا حَتّٰٓى اَتٰىهُمْ نَصْرُنَا ۚ وَلَا مُبَدِّلَ لِكَلِمٰتِ اللّٰهِ ۚ وَلَقَدْ جَاۗءَكَ مِنْ نَّبَاِي الْمُرْسَلِيْنَ ۝

34. Lan nyata wus dipaido para Rasul sadurungira, ananging dheweke mau padha sabar anggone dipaido, sarta padha dipilara, nganti pitulungan saka ngarsanIngsun tumeka para Rasul mau. Jalaran ora ana kang bisa ngowahi kalimah-kalimah pangandikaning Allah. Lan satemene wus teka marang sira sabagean sejarah caritane para Rasul mau.

Walaqad kudzdzibat rusulum min qablika fashabaruu 'alaa maa kudzdzibuu wa uudzuu hattaa ataahum nashrunaa walaa mubaddiia likalimaatillaahi wa laqad jaa-aka min naba-il mursaliin.

٣٥. وَاِنْ كَانَ كَبُرَ عَلَيْكَ اِعْرَاضُهُمْ فَاِنِ اسْتَطَعْتَ اَنْ تَبْتَغِيَ نَفَقًا فِي الْاَرْضِ اَوْ سُلَّمًا فِي السَّمَاۗءِ فَتَاْتِيَهُمْ بِاٰيَةٍ ۭ وَلَوْ شَاۗءَ اللّٰهُ لَجَمَعَهُمْ عَلَي الْهُدٰى فَلَا تَكُوْنَنَّ مِنَ الْجٰهِلِيْنَ ۝

35. Lan manawa anggone malengos wong-wong mau ndadekake abot marang pangrasaning atinira, iku manawa sira bisa gawe sawijining bolongan ana ing Bumi, utawa sira bisa ngupaya sawijining ondho menyang Langit, sira banjur bisa nekakake tandha yekti marang dheweke, hiya lakonana; dene ma-

328). Prasasat boten wonten dhawuhing Al Quraan ingkang nilar dhawuh taqwa wau, jer pancen inggih dados sanguning ngagesang ingkang baku tur sae piyambak, lan ganjaranipun sakalangkung ageng sanget. Jalaran taqwa wau ingkang badhe saged njagi manungsa saking pandamel awon lan lampah dosa, nadyan wonten ing pasepen tanpa kanca. Dene tegesipun taqwa ing Allah punika kajawi pancen rumaos ajrih amargi mangertos lan kraos ing kahagungan saha kaluhuranipun Gusti Allah ingkang Maha Kuwasa, ugi sumungkem ing dhawuhipun sarta sumingkir ing pepacuhiPun.

nawa ana karsaning Allah, yekti Panjenengane ngumpulake wong-wong mau ana ing dalaning pituduh. Mula saka iku, sira aja pisan-pisan kelut kalebu ewone wong-wong kang padha bodho.

Wa in kaana kabura 'alaika i'raadhuhum fa-inis-tatha'ta an tabtaghiya nafaqan fil ardhi au sullaman fis samaa-i fata'-tiyahum bi aayaatiw walau syaa-allaahu lajama'ahum 'alal hudaa falaa takuu-nanna minal jaahiliin.

36. Satemene wong-wong kang padha bisa manut-miturut ing dhawuhing Allah iku mung wong kang padha krungu, ana dene wong kang wus padha mati jiwane, Allah arsa anangekake dheweke saka kubure, tumuli wong-wong mau bakal padha disowanake ana ing ngarsaning Allah.

٣٦- اِنَّمَا يَسْتَجِيْبُ الَّذِيْنَ يَسْمَعُوْنَ ۘ وَالْمَوْتٰى يَبْعَثُهُمُ اللّٰهُ ثُمَّ اِلَيْهِ يُرْجَعُوْنَ ۝

Innamaa yastajiibul ladziina yasma'uuna wal mautaa yab'atsuhumullaahu tsumma ilaihi yurja'uun.

37. Lan dheweke wong-wong Musyrik Mekkah padha ngucap: "mBok hiya Muhammad iku dituruni ayat saka Pangeran sesembahane". Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata Allah iku Kuwasa manawa nurunake ayat,[329] ananging akeh-akehe wong-wong mau ora padha mangerti".

٣٧- وَقَالُوْا لَوْلَا نُزِّلَ عَلَيْهِ اٰيَةٌ مِّنْ رَّبِّهٖ ۭ قُلْ اِنَّ اللّٰهَ قَادِرٌ عَلٰٓى اَنْ يُّنَزِّلَ اٰيَةً وَّلٰكِنَّ اَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Wa qaaluu laulaa nuzzila 'alaihi aayatum mir rabbih, qul innallaaha qaadirun 'alaa ay yunazzila aayataw walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

Kasampurnane ilmuning Allah kang Maha Wikan.

38. Lan ora ana gegremet sato kewan kang ana ing lumahing Bumi, lan manuk kang miber kalawan swiwine loro, kajaba dheweke iku hiya makhluk kaya sira kabeh. Lan Ingsun ora aninggalake perkara kang perlu, ora Ingsun terangake ana ing Quraan,[330] tumuli wong-wong mau bakal padha disowanake marang ngarsaning Allah Pangeran sesembahane.

٣٨- وَمَا مِنْ دَاۗبَّةٍ فِي الْاَرْضِ وَلَا طٰۗىِٕرٍ يَّطِيْرُ بِجَنَاحَيْهِ اِلَّآ اُمَمٌ اَمْثَالُكُمْ ۭ مَا فَرَّطْنَا فِي الْكِتٰبِ مِنْ شَيْءٍ ثُمَّ اِلٰى رَبِّهِمْ يُحْشَرُوْنَ ۝

Wamaa min daabbatin fil ardhi walaa thaa-iriy yathiiru bijanaahaihi illaa umamun amtsaalukum, maa farrathnaa filkitaabi min syai-in tsumma ilaa rabbihim yuhsyaruun.

39. Lan wong-wong kang padha anggorohake ayat-ayatIngsun, dheweke iku padha wuta sarta bisu, ana sajeroning pepeteng. Sing sapa kang dikarsakake sasar dening Allah, PanjenengaNe anyasarake dheweke, lan sing

٣٩- وَالَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا صُمٌّ وَّبُكْمٌ فِي الظُّلُمٰتِ ۭ مَنْ يَّشَاِ اللّٰهُ يُضْلِلْهُ ۭ وَمَنْ يَّشَاْ يَجْعَلْهُ عَلٰي صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

329). **Ma'nanipun ayat** inggih punika: **Dhawuh, Katerangan, Mu'jizat** (Pangeram-eram), lan **Tandha-yekti,** dene ma'na ingkang asli ateges: **Tetenger** utawi **'Alamat.** Wonten ing Al Quraan tembung ayat punika ugi ateges: **Griya** wonten ing papan ingkang inggil, **Surya** utawi **Rembulan,** lan **siksa.**

330). **Al Quraan isinipun:** Dasar-dasar fundamentil piwulang Agami, norma-norma hukum, sejarah, filsafat, tehnis ngetrapaken syare'at (angger-angger) lss.

sapa dikarsakake oleh pituduh, PanjenengaNe ngambahake dheweke ing dalan kang jejeg.

Wal ladziina kadzdzabuu bi aayaatinaa shummuw wa bukmun fizhzhulumaat, may yasya-illaahu yudh-lilhu, wamay yasya' yaj'alhu 'alaa shiraathim mustaqiim.

40. Dhawuha sira Muhammad: "Terangna marang aku, manawa siksaning Allah tumeka tumrap sira, kalawan dadakan, utawa dina Qiyamat wus nekani sira kabeh, apa sira bakal nyenyuwun marang saliyane Allah, yen nyata-nyata sira iku padha temen-temen?"

٤٠- قُلْ أَرَءَيْتَكُمْ إِنْ أَتَىٰكُمْ عَذَابُ ٱللَّهِ أَوْ أَتَتْكُمُ ٱلسَّاعَةُ أَغَيْرَ ٱللَّهِ تَدْعُونَ ۖ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝

Qul ara-aitakum in ataakum 'adzaabullaahi au atatkumus saa'atu aghairallaahi tad'uuna in kuntum shaadiqiin..

41. Nanging sira mung nyenyuwun marang PanjenengaNe Allah, PanjenengaNe arsa nyingkirake barang kang sira suwun sumingkire, iku manawa PanjenengaNe ngersakake, lan sira padha lali menyang brahala kang sira sakuthokake marang Allah.

٤١- بَلْ إِيَّاهُ تَدْعُونَ فَيَكْشِفُ مَا تَدْعُونَ إِلَيْهِ إِن شَآءَ وَتَنسَوْنَ مَا تُشْرِكُونَ ۝

Bal iyyaahu tad'uuna fayaksyifu maa tad'uuna ilaihi in syaa-a watansauna maa tusyrikuun.

42. Lan sanyata Ingsun wus angutus marang sapirang-pirang ummat sadurungira, tumuli Ingsun nyoba ing wong-wong mau kalawan kasusahan lan kamelaratan, supaya dheweke enggal padha gelem dhedhepe marang Allah.

٤٢- وَلَقَدْ أَرْسَلْنَآ إِلَىٰٓ أُمَمٍ مِّن قَبْلِكَ فَأَخَذْنَٰهُم بِٱلْبَأْسَآءِ وَٱلضَّرَّآءِ لَعَلَّهُمْ يَتَضَرَّعُونَ ۝

Walaqad arsalnaa ilaa umamim min qablika fa-akhadznaahum bilba'saa-i wadh-dharraa-i la'allahum yatadharra'uun.

43. mBok hiyaa ing nalika wong-wong mau padha kataman ing cecobanIngsun, enggala sira dhedhepe marang Allah, nanging ati-atine wong mau padha atos, lan syetan wus ngrengga marang wong-wong mau sarana barang kang tansah ditindakake.

٤٣- فَلَوْلَآ إِذْ جَآءَهُم بَأْسُنَا تَضَرَّعُوا۟ وَلَٰكِن قَسَتْ قُلُوبُهُمْ وَزَيَّنَ لَهُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ۝

Falaulaa idz jaa-ahum ba'sunaa tadharra'uu walaakin qasat quluubuhum wa zayyannaa lahumusy syaithaanu maa kaanuu ya'maluun.

44. Bareng wong-wong mau padha anglirwakake pitutur kang dheweke wus padha dielingake, Ingsun banjur ambukakake marang wong-wong mau lawange sarupaning kabungahan, nganti nalikane wong-wong mau padha ngrasakake kabungahan kang wus diparingake, Ingsun banjur matrapi siksa ma-

٤٤- فَلَمَّا نَسُوا۟ مَا ذُكِّرُوا۟ بِهِۦ فَتَحْنَا عَلَيْهِمْ أَبْوَٰبَ كُلِّ شَىْءٍ ۖ حَتَّىٰٓ إِذَا فَرِحُوا۟ بِمَآ أُوتُوٓا۟ أَخَذْنَٰهُم بَغْتَةً فَإِذَا هُم مُّبْلِسُونَ ۝

rang wong-wong mau kalawan dadakan, 331) temahan wong mau nuli padha nglokro entek pangarep-arepe.

Falamnaa nasuu maa dzukkiruu bihii fatahnaa 'alaihim abwaaba kulli syai-in hattaa idzaa farihuu bimaa uutuu akhadz naahum baghtatan faidzaahum mublisuun.

45. Nuli wong kang padha nganiaya mau banjur disirnakake babar pisan, lan sakehe sasanti puji iku kagunganing Allah kang Amangerani wong sa'alam kabeh.

٤٥- فَقُطِعَ دَابِرُ الْقَوْمِ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا ۭ وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Faquthi'a daabirul qaumil ladziina zhalamuu, walhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin..

46. Dhawuha sira Muhammad!: "Kapriye mungguh panemunira manawa Allah ngilangi pangrungu lan pandelengira, lan PanjenengaNe ngecap marang atinira? Apa ana Pangeran saliyaning Allah kang bisa mulihake (anggota kang cacad iku) marang sira kabeh?" Mara delengen, kapriye anggonIngsun makaping-kaping anerang-nerangake ayat-ayat Ingsun, tumuli dheweke hla kok malah mlengos.

٤٦- قُلْ اَرَءَيْتُمْ اِنْ اَخَذَ اللّٰهُ سَمْعَكُمْ وَاَبْصَارَكُمْ وَخَتَمَ عَلٰى قُلُوْبِكُمْ مَّنْ اِلٰهٌ غَيْرُ اللّٰهِ يَاْتِيْكُمْ بِهٖ ۭ اُنْظُرْ كَيْفَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ ثُمَّ هُمْ يَصْدِفُوْنَ ۝

Qul ara-aitum in akhadzallaahu sam'akum wa abshaarakum wa khatama 'alaa quluubikum man ilaahun ghairullaahi ya'tikum bih, undzur kaifa nusharriful aayaati tsumma hum yashdifuun.

47. Dhawuha sira Muhammad: "Kapriye mungguh panemunira manawa siksaning Allah tumeka ing sira kalawan dadakan, utawa nyata temenan. Ora bakal disirnake dening Allah kajaba kaum kang dzalim.

٤٧- قُلْ اَرَءَيْتَكُمْ اِنْ اَتٰىكُمْ عَذَابُ اللّٰهِ بَغْتَةً اَوْ جَهْرَةً هَلْ يُهْلَكُ اِلَّا الْقَوْمُ الظّٰلِمُوْنَ ۝

Qul ara-aitakum in ataakum 'adzaabullaahi baghtatan au jahratan hal yuhlaku illal qaumuzh zhaalimuun.

48. Lan Ingsun ora angutus para Utusan, kajaba mung supaya ambebungah lan memedeni, dene wong kang padha iman lan tumindak becik, tumrap dheweke iku ora bakal padha kuwatir sarta padha susah.

٤٨- وَمَا نُرْسِلُ الْمُرْسَلِيْنَ اِلَّا مُبَشِّرِيْنَ وَمُنْذِرِيْنَ ۚ فَمَنْ اٰمَنَ وَاَصْلَحَ فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ۝

Wamaa nursilul mursaliina illaa mubasysyiriina wa mundziriina faman aamana wa ashlaha falaa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

331). Siksaning Allah ingkang kadhangkala dadakan punika dados pepenget ing kamanungsan, kadosta banjir bandhang zaman Nabi Nuh a.s., angin prahara ingkang sakalangkung benter, omo gegremet ingkang nelas-nelasaken atusan hektar taneman, lindhu ageng ingkang damel girising manah, lan siksa awujud kajiwaan, inggih punika remen derdah ing sasami-sami tunggil Bangsa, tegel gesang ropyan-ropyan rakyatipun gesang kacingkrangan ingkang nyebabaken crah-bibrahipun Persatuaning Bangsa lss. Pramila sumangga para Panguwaos, para Winasis sarta para Ulama, sarta para Mliyuner, kadospundi prayogining lampah ngupadosi garis politik ingkang Leres, Adil, sarta Ambeg paramaarta ingkang murakabi kepentinganing Rakyat ngakathah! Sampun ngantos cidra ing ubaya Amanat Penderitaan Rakyat!

49. Ana dene wong kang padha anggorohake ayat-ayatIngsun, dheweke iku bakal kapatrapan siksa jalaran anggone padha duraka.

٤٩- وَالَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا يَمَسُّهُمُ الْعَذَابُ بِمَا كَانُوْا يَفْسُقُوْنَ ۝

Walladziina kadzdzabuu bi aayaatinaa yamassahumul 'adzaabu bimaa kaanuu yafsuquun.

Ngitik-itik masyarakat.

50. Dhawuha sira Muhammad: "Aku ora kandha marang sira kabeh, manawa bandha gegedhongan kagunganing Allah iku tak simpen ana ing panggonanku, sarta aku ora sumurup barang ghaib, lan uga aku ora kandha marang sira, manawa aku iki sawijining Malaikat, aku ora nganut kajaba mung wahyu kang wus diturunake marang aku". Dhawuha sira Muhammad: "Apa padha wong kang wuta lan wong kang awas? Apa sira kabeh iku ora padha mikir-mikir?" 332)

٥٠- قُلْ لَّآ اَقُوْلُ لَكُمْ عِنْدِيْ خَزَآئِنُ اللّٰهِ وَلَآ اَعْلَمُ الْغَيْبَ وَلَآ اَقُوْلُ لَكُمْ اِنِّيْ مَلَكٌ ۚ اِنْ اَتَّبِعُ اِلَّا مَا يُوْحٰٓى اِلَيَّ ۭ قُلْ هَلْ يَسْتَوِي الْاَعْمٰى وَالْبَصِيْرُ ۭ اَفَلَا تَتَفَكَّرُوْنَ ۝ ع

Qul laa aquulu lakum 'indii khazaainullaahi walaa a'lamul ghaiba walaa aquulu lakum innii malakun in attabi'u illaa maa yuuhaa ilayya qul hal yastawil a'maa wal bashiir, afalaa tatafakkaruun.

51. He Muhammad! Sira pepelinga kalawan Quraan iku marang wong kang padha wedi anggone bakal padha digiring lan bakal disowanake ana ing ngarsaning Pangerane, mangka ora ana tumrap dheweke saka liyane Allah kang bisa dadi Pengayom utawa kang bisa paring pitulung, muga-muga dheweke mau banjur padha gelem taqwa ing Allah.

٥١- وَاَنْذِرْ بِهِ الَّذِيْنَ يَخَافُوْنَ اَنْ يُّحْشَرُوْٓا اِلٰى رَبِّهِمْ لَيْسَ لَهُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ وَلِيٌّ وَّلَا شَفِيْعٌ لَّعَلَّهُمْ يَتَّقُوْنَ ۝

Wa andzir bihil ladziina yakhaafuuna ay yuhsyaruu ilaa rabbihim laisa lahum min duunihii waliyyuw walaa syafii'ul la'allahum yattaquun.

52. Lan sira aja nundhung wong-wong kang padha nindakake ibadah ing Pangerane ana ing saben wayah esuk, lan sore, dheweke ngarepake oleh karidlaning Allah, jalaran sira ora bakal dipasrahi nimbang 'amale wong-wong mau sathithik-thithika, sarta dheweke uga ora dipasrahi nimbang 'amalira sathithik

٥٢- وَلَا تَطْرُدِ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ رَبَّهُمْ بِالْغَدٰوةِ وَالْعَشِيِّ يُرِيْدُوْنَ وَجْهَهٗ ۭ مَا عَلَيْكَ مِنْ حِسَابِهِمْ مِّنْ شَيْءٍ وَّمَا مِنْ حِسَابِكَ عَلَيْهِمْ مِّنْ شَيْءٍ فَتَطْرُدَهُمْ فَتَكُوْنَ مِنَ الظّٰلِمِيْنَ ۝

332). **Ngitik-itik masyarakat** ingkang dipun dhasari sarta dipun pernahaken arahipun dening Agami, saking Wahyuning Allah punika, cetha sanget badhe sae lan makmur sesarengan tumraping sadaya ummat Manungsa. Sebab kanyataanipun pimpinan Negara lan pimpinan Agami sami-sami anggarap masyarakating Manungsa. Warni-warnining pola Negara, ideologi, ekonomi, politik, sosial-budaya, lan militeripun Negara sajagad raya punika cetha beda-beda, makaten ugi warni-warnining Agaminipun. Sadaya ummat Manungsa ingkang ngrasuk Agama, inggih punika: Katolik 550.350.000, Protestan 216.949.000, Hindu 335.802.300, Budha 153.100.000, lan Islam 647.740.000 (Religion of The World, 1968) punika badhe wilujeng lan makmur, manawi sami kersa tulung-tinulung satunggal Negara lan Negara sanesipun, makaten ugi ummat Agami sami rukun. Makaten menggah gamblang lan praktisipun mangertosi lan nindakaken ayat no. 50 dumugi no. 57 kasebut.

bae, ing mangka manawa sira nganti nundhung marang wong-wong mau, yekti sira iku kalebu ewone wong-wong kang anganiaya.

Walaa tathrudil ladziina yad'uuna rabbahum bil ghadaawati wal 'asyiyyi yuriiduuna wajhah, maa 'alaika min hisaabihim min syai-iw wamaa min hisaabika 'alaihim min syai-in fatathrudahum fatakuuna minazh zhaalimiin.

٥٣ - وَكَذٰلِكَ فَتَنَّا بَعْضَهُمْ بِبَعْضٍ لِّيَقُوْلُوْٓا اَهٰٓؤُلَآءِ مَنَّ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ مِّنْۢ بَيْنِنَا ۗ اَلَيْسَ اللّٰهُ بِاَعْلَمَ بِالشّٰكِرِيْنَ ۝

53. Lan hiya kaya mangkono iku Ingsun wus nyoba marang sawenehe wong mau ana kang sugih, lan sawenehe maneh padha miskin, supaya dheweke padha ngucap: "Apa iki jinise wong-wong kang padha diparingi kanugrahan dening Allah saka saweneh kita? Allah paring pangandika: "Apa Allah iku dudu Pangeran kang luwih Ngawuningani marang wong-wong kang padha syukur?"

Wa kadzaalika fatannaa ba'dhahum biba' dhil liyaquuluu ahaa-ulaa-i mannallaahu 'alaihim mim baininaa alaisallaahu bi-a'lama bisy-syaakiriin.

٥٤ - وَاِذَا جَآءَكَ الَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِاٰيٰتِنَا فَقُلْ سَلٰمٌ عَلَيْكُمْ كَتَبَ رَبُّكُمْ عَلٰى نَفْسِهِ الرَّحْمَةَ ۙ اَنَّهٗ مَنْ عَمِلَ مِنْكُمْ سُوْۤءًا بِجَهَالَةٍ ثُمَّ تَابَ مِنْۢ بَعْدِهٖ وَاَصْلَحَ فَاَنَّهٗ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

54. Lan manawa wong-wong kang padha iman marang ayat-ayatIngsun iku padha sowan marang sira, sira enggal dhawuha: "Muga-muga karaharjan tetep marang sira kabeh". Allah Pangeranira wus nyanggemi arsa maringake sih kawelasaNe, yaiku sapa bahe saka sira kabeh kang nindakake panggawe ala kalawan ora ngerti, tumuli enggal-enggal tobat nyuwun pangapura sawuse kang mangkono mau, lan banjur ambeciki kalakuane, mangka sanyata Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

Wa idzaa jaa-akal ladziina yu'minuuna bi-aayaatinaa faqul salaamun 'alaikum kataba rabbukum 'alaa nafsihir rahmata annahuu man 'amila minkum suu-an bijahaalatin tsumma taaba mim ba'dihii wa ashlaha fa-annahuu ghafuurur rahiim.

٥٥ - وَكَذٰلِكَ نُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ وَلِتَسْتَبِيْنَ سَبِيْلُ الْمُجْرِمِيْنَ ۝

55. Lan hiya kaya mangkono iku Ingsun wus mrinci pirang-pirang ayat Al Quraan supaya cetha dedalane wong kang padha saleh, lan uga supaya cetha dedalane wong kang padha dosa.

Wa kadzaalika nufashshilul aayaati walitastabiina sabiilul mujrimiin.

٥٦ - قُلْ اِنِّيْ نُهِيْتُ اَنْ اَعْبُدَ الَّذِيْنَ تَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ ۗ قُلْ لَّاۤ اَتَّبِعُ اَهْوَآءَكُمْ ۙ قَدْ ضَلَلْتُ اِذًا وَّمَآ اَنَا مِنَ الْمُهْتَدِيْنَ ۝

56. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata aku wus dicegah aja nganti aku nyembah sesembahan kang sira sembah saka saliyane Allah". Dhawuha sira Muhammad: "Aku ora pisan-pisan bakal manut marang kekarepaning hawa nafsumu, sanyata aku mesthi wis kesasar manawa tumindak kang kaya mangkono, sarta aku ora bakal dadi ewone wong kang padha oleh pituduh".

Qul innii nuhiitu an a'budal ladziina tad'uuna min duunillaah, qullaa attabi'u ahwaa-akum qad dhalaltu idzaw wamaa ana minal muhtadiin.

57. Dhawuha sira Muhammad: "Satemene aku iki lungguh ana ing katerangan kang nyata, [333] yaiku Quraan saka ngarsaning Allah Pangeran sesembahanku, nanging jejermu anggorohake. Aku ora duwe wewenang kuwasa anekakake siksa kang padha sira suw . enggal tekane. Dene putusane kabeh iku mung ana ing Astaning Allah. PanjenengaNe anerangake barang kang bener, lan PanjenengaNe iku becik-beciking Pangeran sesembahan kang paring putusan.

٥٧ - قُلْ إِنِّي عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّي وَكَذَّبْتُم بِهِۦ ۚ مَا عِندِي
مَا تَسْتَعْجِلُونَ بِهِۦ ۚ إِنِ الْحُكْمُ إِلَّا لِلَّهِ ۖ يَقُصُّ الْحَقَّ
وَهُوَ خَيْرُ الْفَٰصِلِينَ ٥

Qul innii 'alaa bayyinatim mir rabbii wa kadzdzabtum bihii maa 'indii maa tasta' jiluuna bih, innal hukmu illaa lillaah, yaqushshul haqqa wahuwa khairul faa-shiliin.

58. Dhawuha sira Muhammad: "Mungguh siksa kang sira suwun enggal tekane iku ana ing wewenangku, sanyata prakaraku lan prakaramu wus kaputus rampung, lan Allah iku luwih Ngawuningani marang wong kang padha nganiaya.

٥٨ - قُل لَّوْ أَنَّ عِندِي مَا تَسْتَعْجِلُونَ بِهِۦ لَقُضِيَ الْأَمْرُ
بَيْنِي وَبَيْنَكُمْ ۗ وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِالظَّٰلِمِينَ ٥

Qul lau anna 'indii maa tasta'jiluuna bihii laqudhiyal amru bainii wabainakum, wallaahu a'lamu bizhzhaalimiin.

59. Lan ana ing ngarsaning Allah pribadi kunci-kuncine barang ghaib iku, ora ana kang mangerteni kajaba mung Allah. Lan PanjenengaNe Ngawuningani ing sakabehing titah kang ana ing dharatan lan lautan, lan ora ana godhong siji bae kang gogrok, kajaba PanjenengaNe mesthi ngawuningani, lan ora ana wiji kang runtuh ana ing Bumi kang peteng, utawa ora ana wiji kang teles lan kang garing, kajaba kabeh mau wus tinulis ana ing Kitab kang nyata Lauhul Mahfuzh. [334]

٥٩ - وَعِندَهُۥ مَفَاتِحُ الْغَيْبِ لَا يَعْلَمُهَآ إِلَّا هُوَ ۚ وَيَعْلَمُ
مَا فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ ۚ وَمَا تَسْقُطُ مِن وَرَقَةٍ إِلَّا يَعْلَمُهَا
وَلَا حَبَّةٍ فِي ظُلُمَٰتِ الْأَرْضِ وَلَا رَطْبٍ وَلَا يَابِسٍ
إِلَّا فِي كِتَٰبٍ مُّبِينٍ ٥

Wa 'indahuu mafaatihul ghaibi laa ya'lamuhaa illaa huwa waya'lamu maa fil-barri wal bahr, wamaa tasquthu miw waraqatin illaa ya'lamuhaa walaa habbatin fii zhulumaatil ardhi walaa rathbiw walaa yaabisin illaa fii kitaabim mubiin.

---

333). Tuntunaning Quraan punika damel gamblang, bilih: 1. Agami punika mernahaken artos lan tujuanipun tiyang ngagesang ing 'Alam Donya, sarta nedahaken tujuaning gesang bebrayan supados damel karya lan kreasi ing laladan nindakaken Amanating Allah s.w.t. sarana ijtihad lan perjoangan. 2. Agami punika anetepaken nilai-nilai ingkang Universil sarta Kaidah-kaidah ingkang kedah dipun ngrembakakaken. Prinsip ijtihad kangge anyekapi kabetahaning perobahan-perobahan sosial. Upaya ijtihad punika boten ateges bilih Islam ngupaya panguwaosan teokrasi-mutlak, ananging Agami punika nglenggahaken dhasar nyambet silaning akraminipun nilai-nilai Insani kalayan nilai-nilai Samawi. 3. Boten babar pindhah wonten bendheng-ceweng (kontroversil) antawisipun ilmu lan tehnologi modern kalayan piwulang Agami, malah estunipun bakuning kayakinan Agami punika sami-sami anjangkepaken sarta nyantosakaken antawisipun Ilmu lan Agami kangge kemakmuran Donya, materil lan spirituil.

334). Lauhul Mahfuzh punika 'alam ghaib (boten saged ginayuh ing pancadriya) ingkang kagungan Allah piyambak, inggih ilmu-ilmuning Allah ingkang Ngawuningani ingkang sampun lan ingkang badhe kalampahan. Kita wajib iman bilih saking Lauhul Mahfuzh punika tumuruning sadaya Kitab-Kitab Suci saking ngarsaning Allah s.w.t. Wonten ing ayat no 59 dumugi no 62 anelakaken bilih metode Quraan punika cara tehnis persuasi, ingkang wigatosipun pepenget ing Manungsa ingkang masyarakatipun sarwa Bhineka Tunggal Eka, pramila kedah tansah lung tinulung, ngutamekaken nyambut damel sesarengan ing sadaya kabetahaning ngagesang (aspek-aspek sosial), lan supados tansah enget punapa ta jejering Manungsa dados Khalifatullah punika? Saestu para sutrisna, manawi kita introspeksi bab punika, raosipun anyles pating trecep, sarta gesang punika tetep dinamis lan optimis!

60. Lan PanjenengaNe Allah iku kang nurokake ing sira kabeh ana ing wayah bengi, lan PanjenengaNe Ngawuningani barang kang sira tindakake ana ing wayah awan, tumuli PanjenengaNe nangekake sira kabeh ana ing wayah awan mau, saperlu supaya disampurnakake waktu kang wus katamtokake, banjur marang PanjenengaNe sira kabeh bakal padha disowanake, PanjenengaNe tumuli anjelentrehake marang sira ing sabarang kang wus padha sira lakoni dhewe.

٦٠- وَهُوَ الَّذِيْ يَتَوَفّٰكُمْ بِالَّيْلِ وَيَعْلَمُ مَا جَرَحْتُمْ بِالنَّهَارِ ثُمَّ يَبْعَثُكُمْ فِيْهِ لِيُقْضٰٓى اَجَلٌ مُّسَمًّى ۚ ثُمَّ اِلَيْهِ مَرْجِعُكُمْ ثُمَّ يُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Wahuwal ladzii yatawaffaakum billaili waya'lamu maa jarahtum binnahaari tsumma yab'atsukum fiihi liyuqdhaa ajalum musamman tsumma ilaihi marji-'ukum tsumma yunabbi-ukum bimaa kuntum ta'maluun.

61. Lan PanjenengaNe iku kang murbawasesa sadhuwure para kawulane, lan angutus Malaikat anjaga ing sira, ing nganti yen salah sawijinira katekan ing pati, Utusaningsun mau banjur anjabut ing nyawanira, lan para Malaikat iku ora ana kang teledhor.

٦١- وَهُوَ الْقَاهِرُ فَوْقَ عِبَادِهٖ وَيُرْسِلُ عَلَيْكُمْ حَفَظَةً ۗ حَتّٰٓى اِذَا جَآءَ اَحَدَكُمُ الْمَوْتُ تَوَفَّتْهُ رُسُلُنَا وَهُمْ لَا يُفَرِّطُوْنَ ۝

Wahuwal qaahiru fauqa 'ibaadihii wa yursilu 'alaikum hafazhah, hattaa idzaa jaa-a ahadakumul mautu tawaffat-hu rusulunaa wahum laa yufarrithuun.

62. Tumuli padha disowanake ana ing ngarsaning Allah, Bendarane kang temenan. O, sanyata PanjenengaNe piyambak kang ngasta hukum, lan PanjenengaNe iku luwih rikat anggone nitipriksa.

٦٢- ثُمَّ رُدُّوْٓا اِلَى اللّٰهِ مَوْلٰىهُمُ الْحَقِّ ۗ اَلَا لَهُ الْحُكْمُ ۖ وَهُوَ اَسْرَعُ الْحٰسِبِيْنَ ۝

Tsumma rudduu ilallaahi maulaahumul haqq, alaa lahul hukmu wahuwa asra-'ul haasibiin.

63. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa kang nylametake sira kabeh saka bebunek ing dharatan lan lautan, kang pantes sira suwuni kalawan dhedhepe, sarta kalawan ngrintih nenuwun: "Manawi Allah karsa milujengaken ing kita saking bebunek punika, sayektos kita tamtu dados golonganipun tetiyang ingkang sami syukur".

٦٣- قُلْ مَنْ يُّنَجِّيْكُمْ مِّنْ ظُلُمٰتِ الْبَرِّ وَالْبَحْرِ تَدْعُوْنَهٗ تَضَرُّعًا وَّخُفْيَةً ۚ لَئِنْ اَنْجٰىنَا مِنْ هٰذِهٖ لَنَكُوْنَنَّ مِنَ الشّٰكِرِيْنَ ۝

Qul may yunajjiikum min zhulumaatil barri wal bahri tad'uunahuu tadharru'aw wakhufyah, la-in anjaanaa min haadzihii lanakuunanna minasy syaakiriin.

64. Dhawuha sira Muhammad: "Allah kang nylametake ing sira kabeh saka bebunek iku, uga ngentasake saka sakabehing kasusahan, tumuli sira kabeh malah padha musyrik marang Allah".

٦٤- قُلِ اللّٰهُ يُنَجِّيْكُمْ مِّنْهَا وَمِنْ كُلِّ كَرْبٍ ثُمَّ اَنْتُمْ تُشْرِكُوْنَ ۝

Qulillaahu yunajjiikum minhaa wamin kulli karbin tsumma antum tusyrikuun.

65. Dhawuha sira Muhammad: "PanjenengaNe Allah iku kuwasa nurunake siksa marang sira kabeh saka ing sadhuwurira utawa saka ing sangisore sikilira, utawa PanjenengaNe nyandhangi ing sira kabeh pecah dadi pirang-pirang golongan, sawenehe golongan agawe cilaka marang golongan liyane. Mara pikiren! Kapriye anggonIngsun mijang-mijangake ayat pirang-pirang supaya dheweke iku padha mangerti".335)

٦٥- قُلْ هُوَ الْقَادِرُ عَلٰٓى اَنْ يَّبْعَثَ عَلَيْكُمْ عَذَابًا مِّنْ فَوْقِكُمْ اَوْ مِنْ تَحْتِ اَرْجُلِكُمْ اَوْ يَلْبِسَكُمْ شِيَعًا وَّيُذِيْقَ بَعْضَكُمْ بَاْسَ بَعْضٍ ۗ اُنْظُرْ كَيْفَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ لَعَلَّهُمْ يَفْقَهُوْنَ ۝

Qul huwal qaadiru 'alaa an yab'atsa 'alaikum 'adzaabam min fauqikum au min tahti arjulikum au yalbisakum syiya-'aw wayudziiqa ba'dhakum ba'sa ba'dh, unzhur kaifa nusharriful aayaati la'allahum yafqahuun.

66. Lan kaumira padha anggorohake Quraan iku, ing mangka Quraan iku temen bener. Dhawuha sira Muhammad: "Aku iki ora pinasrahan ngreksa ing sira kabeh".

٦٦- وَكَذَّبَ بِهٖ قَوْمُكَ وَهُوَ الْحَقُّ ۗ قُلْ لَّسْتُ عَلَيْكُمْ بِوَكِيْلٍ ۝

Wa kadzdzaba bihii qaumuka wahuwal haqq, qul lastu 'alaikum biwakiil.

67. Sakabehing carita kang kaweca ing Quraan iku bakal kadadeyan kanyataan, sarta sira kabeh bakal padha weruh dhewe.

٦٧- لِكُلِّ نَبَاٍ مُّسْتَقَرٌّ وَّسَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ۝

Likulli naba-im mustaqarruw wasaufa ta'lamuun.

68. Lan manawa sira andeleng wong-wong kang padha anggunem, ngolok-olok ing ayat-Ingsun, mangka enggal-enggal ungkurna! Wong-wong mau aja kok rewes, nganti padha rerembugan perkara liyane; dene samangsa sira lagi padha dilalekake dening syetan, sawuse sira eling aja kongsi sira padha jejagongan sarasehan karo wong-wong kang padha nganiaya.

٦٨- وَاِذَا رَاَيْتَ الَّذِيْنَ يَخُوْضُوْنَ فِيْٓ اٰيٰتِنَا فَاَعْرِضْ عَنْهُمْ حَتّٰى يَخُوْضُوْا فِيْ حَدِيْثٍ غَيْرِهٖ ۗ وَاِمَّا يُنْسِيَنَّكَ الشَّيْطٰنُ فَلَا تَقْعُدْ بَعْدَ الذِّكْرٰى مَعَ الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Wa idzaa ra-aital ladziina yakhuudhuuna fii aayaatinaa fa-a'ridh 'anhum hattaa yakhuudhuu fii hadiitsin ghairih, wa immaa yunsiyannakasy syaithaanu falaa taq'ud ba'dadzdzikraa ma'al qaumizh zhaalimiin.

335). Azab utawi siksaning Allah kadhangkala awujud, kajiwan utawi **mental**, liripun ummat wau sami crah-bibrah sebab regejegan piyambak, satunggal lan sanesipun damel cilaka ing sanesipun, kados **siyasat imperialis**, bangsa ingkang dipun jajah didamel sampun ngantos saiyeg saeka praya. Siksa utawi Bebenduning Pangeran kadhang awujud angin topan sareng jawah ageng saking **Langit**, utawi lindhu lan banjir bandhang saking **Saganten**, utawi saking **Bumi**.

69. Lan tumrape wong-wong kang padha tuhu ngabektine ing Allah, sathithik bae ora bakal nanggung jawab tindake wong-wong kang padha anggunem ing ayat-ayat iku, ananging salugu kuwajibane mung aweh pepeling da'wah, muga-muga wong-wong mau tambah-tambah ngabekti ing Allah. 336)

٦٩- وَمَا عَلَى الَّذِيْنَ يَتَّقُوْنَ مِنْ حِسَابِهِمْ مِّنْ شَيْءٍ
وَّلٰكِنْ ذِكْرٰى لَعَلَّهُمْ يَتَّقُوْنَ ٥

Wamaa 'alal ladziina yattaquuna min hisaabihim min syai-iw walaakin dzikraa la'allahum yattaquun.

70. He Muhammad! Tinggalen bae wong-wong kang padha andadekake Agama 337) kanggo dedolanan dalah sesembranan, lan apa maneh wus kasrimpet bujuking kahuripan donya, lan sira padha pepelinga kalawan iku Quraan, kang supaya aja ana sawijining wong nemu karusakan (kacemplung Neraka) jalaran saka tumindake kang wus dilakoni, ora ana tumrap dheweke wong kang bisa ngayomi utawa nulungi saka saliyane Allah, lan saupama wong mau nebusi awake dhewe kalawan sadhengah tebusan, mesthi ora bakal katampa. Hiya dheweke iku wong-wong kang wus mesthi bakal kacemplungake ing Naraka sebab saka tumindake dhewe. Wong-wong mau bakal padha diombeni wedang kang umob, lan bakal kapatrapan siksa kalawan siksa kang nglarani jalaran anggone padha kafir.

٧٠- وَذَرِ الَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا دِيْنَهُمْ لَعِبًا وَّلَهْوًا وَّغَرَّتْهُمُ
الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا وَذَكِّرْ بِهٖٓ اَنْ تُبْسَلَ نَفْسٌ بِمَا كَسَبَتْ ۚ
لَيْسَ لَهَا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلِيٌّ وَّلَا شَفِيْعٌ ۚ وَاِنْ
تَعْدِلْ كُلَّ عَدْلٍ لَّا يُؤْخَذْ مِنْهَا ۗ اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ
اُبْسِلُوْا بِمَا كَسَبُوْا ۚ لَهُمْ شَرَابٌ مِّنْ حَمِيْمٍ وَّعَذَابٌ
اَلِيْمٌ ۢ بِمَا كَانُوْا يَكْفُرُوْنَ ٥ ع ١٤

Wadzaril ladziinat-takhadzuu diinahum la'ibaw walahwaw wagharrat humul hayaatuddun-yaa wadzakkir bihii an tubsala nafsum bimaa kasabat laisa lahaa min duunillaahi waliyyuw walaa syafii-'uw wa-in ta'dil kulla 'adlil laa yu'khadz minhaa, ulaa-ikal ladziina ubsiluu bimaa kasabuu lahum syaraabum min hamiimiw wa'adzaabun aliimum bimaa kaanuu yakfuruun.

71. Dhawuha sira Muhammad: "Apa pantes kita nenuwun marang saliyaning Allah, barang kang ora bisa manfa'ati marang kita kabeh, lan uga ora agawe kemelaratan apa-

٧١- قُلْ اَنَدْعُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَنْفَعُنَا وَلَا يَضُرُّنَا
وَنُرَدُّ عَلٰٓى اَعْقَابِنَا بَعْدَ اِذْ هَدٰىنَا اللّٰهُ كَالَّذِى

336). Dados tiyang Islam punika kedah aktif, boten kenging statis. Tegesipun aktif inggih punika nindakaken kuwajiban pepeling Da'wah; sanajana nembe saged mangertosi lan 'amalaken ayat Quraan satunggal inggih wajib dipun da'wahaken dhateng ngasanes. Pirantosipun da'wah warni-warni, saged da'wah sarana lesan, utawi seratan (kalawarti lan kitab), utawi zaman modern sarana teater ing T.V. lan Radio, punapa dene film, lan sanes-sanesipun mass-media. Dados tehnik-modern saged dados sarana Da'wah ingkang ageng faedahipun. Punapa malih ngitik-itik Da'wah Islamiyah ing Pondok Pesantren dipun santosani latihan ketrampilan (kangge ngupadosi panggesangan ingkang halal), kados dene ingkang sampun kathah dipun programaken ing **Pondok-Pondok Pesantren** saestu menawi sadaya Pondok Pesantren aktif lan ngreka daya sarwa **Kawiraswastaan** ing zaman Pembangunan punika, insya Allah manfa'at (konstrutif lan kreatif) ing Donya lan Akheratipun.

337). Maksudipun supados anindakaken sadaya piwulang Agama Islam ingkang yektos-yektos, boten gegujengan utawi lelamisan sarta Islam kangge ngupados pangkat, semat, kamenangan politik, lan sanes-sanesipun ingkang sabangsa materialistis. Pramila dhidhikan sarta pengertosan Agami kedah dipun gulawenthah wiwit alit, kados dhawuhipun Rasulullah s.a.w. wiwit umur 7 tahun. Kadosta tuntunan praktis Shalat gangsal wekdal, maos Quraan, 'ibadah Shiyam wajib, budi pekerti saking sejarah para Andika Nabi, sarta katrampilan ing pergaulan masyarakat, dipun gretehi supados lare wonten ing Pramuka, utawi manawi liburan putra-putra dipun pondhokaken ing Pesantren ingkang tebih Kitha (Metropolitan).

apa tumrap kita, lan apa hiya becik manawa kita arep dibalekake mundur [338] sawuse Allah paring pituduh ing kita?" Kang mangkono mau kaya wong kena panggodhaning syetan, dheweke banjur pating blulung ana ing Bumi sarwa kabingungan, wong mau anduweni rewang kang padha ngajak-ajak dheweke, kanthi padha angucap: "Sira amrenea, lan manuta marang pituduh kita". Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata pituduh kang bener iku mung pituduhing Allah, lan kita padha kadhawuhan supaya sumarah pasrah ing PanjenengaNe Allah, Pangeran sesembahan sa'alam raya".

اسْتَهْوَتْهُ الشَّيٰطِيْنُ فِى الْاَرْضِ حَيْرَانَ لَهٗٓ اَصْحٰبٌ يَّدْعُوْنَهٗٓ اِلَى الْهُدَى ائْتِنَا ۗ قُلْ اِنَّ هُدَى اللّٰهِ هُوَ الْهُدٰى ۗ وَاُمِرْنَا لِنُسْلِمَ لِرَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۙ

Qul anad'uu min duunillaahi maa laa fa'unaa wa laa yadhurrunaa wanuraddu 'alaa a'qaabinaa ba'da idz hadaanallaahu kal ladzistahwat husy syaithaanu fil ardhi hairaana lahuu ashhaabuy yad'uunahuu ilal huda'tinaa, qul inna hudallaahi huwal hudaa, wa umirnaa linuslima lirabbil 'aalamiin.

72. Lan supaya sira kabeh padha nindakna Sholat, lan taqwa ngabekti ing PanjenengaNe, jalaran mung marang PanjenengaNe sira kabeh bakal padha dikumpulake.

٧٢- وَاَنْ اَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَاتَّقُوْهُ ۗ وَهُوَ الَّذِىْٓ اِلَيْهِ تُحْشَرُوْنَ ۝

Wa an aqiimush shalaata qattaquuhu, wahuwal ladzii ilaihi tuhsyaruun.

73. Lan PanjenengaNe iku kang anitahake Langit lan Bumi, kalawan bener, ana ing dina iku Allah mung cukup dhawuh: "Anaa", banjur ana! PangandikaNe Allah iku bener, lan hiya mung kagunganing Allah piyambak karaton ana ing besuk dina Qiyamat, yaiku nalikane disebul sangkakala, PanjenengaNe kang tansah ngawuningani barang kang ghaib lan barang kang kasat ing mata, sarta PanjenengaNe iku Maha Wicaksana lan Maha Waspada.

٧٣- وَهُوَ الَّذِىْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ بِالْحَقِّ ۗ وَيَوْمَ يَقُوْلُ كُنْ فَيَكُوْنُ ۗ قَوْلُهُ الْحَقُّ ۗ وَلَهُ الْمُلْكُ يَوْمَ يُنْفَخُ فِى الصُّوْرِ ۗ عٰلِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ ۗ وَهُوَ الْحَكِيْمُ الْخَبِيْرُ ۝

Wahuwal ladzii khalaqas samaawaati wal ardha bilhaqq, wayauma yaquuluu kun fayakuun, qauluhul haqqu wa lahul mulku yauma yunfakhu fish-shuur, 'aalimul ghaibi wasy syahaadati wahuwal hakiimul khabiir.

Nabi Ibrahim a.s. ngipik-ipik masyarakat sarana dasar Tauhid.

74. Lan nalikane Nabi Ibrahim matur marang ramane yaiku [339] Azar: "Punapa pantes Rama andadosaken brahala-brahala kagem sesembahan? Miturut pamanggih kula, Rama sarta sakancanipun Rama punika sami wonten ing salaebeting kesasar ingkang terang".

٧٤- وَاِذْ قَالَ اِبْرٰهِيْمُ لِاَبِيْهِ اٰزَرَ اَتَتَّخِذُ اَصْنَامًا اٰلِهَةً ۚ اِنِّيْٓ اَرٰىكَ وَقَوْمَكَ فِىْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ۝

Wa idz qaala ibraahiimu li abiihi aazara atattakhidzu ashnaaman aalihatan innii araaka waqaumaka fii dhalaalim mubiin.

338). Tegesipun dipun wangsulaken dados tiyang musyrik.

339). Sawenehipun Ulama Tafsir nerangaken Pamanipun.

75. Lan kaya mangkono, Ingsun wus meruhake Nabi Ibrahim ing kahagungane kratoning Langit lan Bumi, lan supaya dheweke dadi golongane wong kang padha yaqin.

٧٥- وَكَذٰلِكَ نُرِيٓ اِبْرٰهِيْمَ مَلَكُوْتَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَلِيَكُوْنَ مِنَ الْمُوْقِنِيْنَ ۝

Wakadzaalika nurii ibraahiima malakuutus samaawaati wal ardhi waliyakuuna minal muuqiniin.

76. Bareng Nabi Ibrahim wus kalimput dening petenging wayah bengi, dheweke sumurup Lintang, pangucape: "Iki Pangeran sesembahanku. Bareng Lintang mau angslup, dheweke angucap maneh: "Aku ora dhemen Pangeran sesembahan kang padha angslup!..

٧٦- فَلَمَّا جَنَّ عَلَيْهِ الَّيْلُ رَاٰ كَوْكَبًا ۚ قَالَ هٰذَا رَبِّيْ ۚ فَلَمَّآ اَفَلَ قَالَ لَآ اُحِبُّ الْاٰفِلِيْنَ ۝

Falammaa janna 'alaihil lailu ra-aa kaukaban qaala haadzaa rabbii falammaa afala qaala laa uhibbul aafiliin.

77. Tumuli bareng Nabi Ibrahim weruh Rembulan andhadhari, dheweke banjur celathu: "Iki Pangeran sesembahanku kang bener". Ananging bareng Rembulan mau surup, dheweke ngucap maneh: "Sayekti manawa Pangeran sesembahanku ora paring pituduh ing aku, mesthi aku bakal dadi golongane wong kang kasasar!"

٧٧- فَلَمَّا رَاَ الْقَمَرَ بَازِغًا قَالَ هٰذَا رَبِّيْ ۚ فَلَمَّآ اَفَلَ قَالَ لَئِنْ لَّمْ يَهْدِنِيْ رَبِّيْ لَاَكُوْنَنَّ مِنَ الْقَوْمِ الضَّآلِّيْنَ ۝

Falammaa ra-al qamara baazighan qaala haadzaa rabbii falammaa afala qaala la-il lam yahdinii rabbii la-akuunanna minal qaumidh dhaalliin.

78. Banjur bareng weruh Srengenge mlethek, dheweke ngucap maneh: "Lah iki Pangeran sesembahanku, iki kang Maha Gedhe!"[a] Ananging bareng Srengenge mau iya surup, banjur ngucap maneh: "He kaumku! Para kadangku, sanyata aku nyelaki barang kang padha sira sekuthokake ing Allah!"

٧٨- فَلَمَّا رَاَ الشَّمْسَ بَازِغَةً قَالَ هٰذَا رَبِّيْ هٰذَآ اَكْبَرُ ۚ فَلَمَّآ اَفَلَتْ قَالَ يٰقَوْمِ اِنِّيْ بَرِيْٓءٌ مِّمَّا تُشْرِكُوْنَ ۝

Falammaa ra-asy syamsa baazighatan qaala haadzaa rabbii haadzaa akbaru falammaa afalat qaala yaa qaumi innii barii-um mimmaa tusyrikuun.

79. Sanyata aku ngadhepake wajahku marang ngarsaning Pangeran sesembahan kang wus anitahake pirang-pirang Langit lan Bumi, sarana condhong lan aku dudu ewone wong kang padha musyrik, nyembah brahala.

٧٩- اِنِّيْ وَجَّهْتُ وَجْهِيَ لِلَّذِيْ فَطَرَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ حَنِيْفًا وَّمَآ اَنَا مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۚ

Innii wajjahtu wajhiya lilladzii fatharas samaawaati wal ardha haniifaw wamaa ana minal musyrikiin.

80. Lan kaume Nabi Ibrahim padha ambantah marang dheweke, tumuli anjawab: "Apa pantes sira padha ambantah marang aku ana ing bab Allah? Mangka PanjenengaNe wus paring pituduh marang aku. Lan aku ora wedi marang brahala kang padha

٨٠- وَحَآجَّهٗ قَوْمُهٗ ۭ قَالَ اَتُحَآجُّوْٓنِّيْ فِي اللّٰهِ وَقَدْ هَدٰىنِ ۭ وَلَآ اَخَافُ مَا تُشْرِكُوْنَ بِهٖٓ اِلَّآ اَنْ يَّشَاۗءَ رَبِّيْ شَيْـــًٔا ۭ وَسِعَ رَبِّيْ كُلَّ شَيْءٍ عِلْمًا ۭ اَفَلَا تَتَذَكَّرُوْنَ ۝

sira musyrikake ing Allah, kajaba manawa dikarsakake sawiji-wiji dening Allah Pangeran sesembahanku. Jembar ilmune Pangeran sesembahanku iku, amot ing sakabehing barang. Apa sira kabeh ora padha pramana ngeling-eling?

Wa haajjahuu qaumuhuu qaala atuhaajjuunii fillaahi waqad hadaani, walaa akhaafu maa tusyrikuuna bihii illaa ay yasyaa-a rabbii syai-aa, wasi'a rabbii kulla syai-in 'ilmaa, afalaa tatadzakkaruun.

81. Lan kapriye aku kongsi wedi marang brahala kang padha sira musyrikake ing Allah, kang mangka sira kabeh ora wedi padha musyrikake ing Allah kalawan sawijining barang kang PanjenengaNe ora karsa nurunake katerangan marang sira kabeh". Rong golongan mau endi ta kang luwih dening pantes oleh katentreman kasantosan, mara jawaben yen nyata sira iku padha mangerti?" 340)

٨١ - وَكَيْفَ أَخَافُ مَآ أَشْرَكْتُمْ وَلَا تَخَافُونَ أَنَّكُمْ
أَشْرَكْتُم بِاللَّهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهِۦ عَلَيْكُمْ سُلْطَٰنًا ۚ
فَأَىُّ ٱلْفَرِيقَيْنِ أَحَقُّ بِٱلْأَمْنِ ۖ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ۝

Wa kaifa akhaafu maa asyraktum walaa takhaafuuna annakum asyraktum billaahi maa lam yuhazzil bihii 'alaikum sulthaana, fa ayyul fariiqaini ahaqqu bil amni in kuntum ta'lamuun.

82. Wong-wong kang padha iman, lan ora padha nyampuri imane nganggo panganiaya musyrik, mesthi dheweke bakal padha oleh kaamanan kasantosan, lan dheweke mau wong kang padha oleh pituduh.

٨٢ - ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَلَمْ يَلْبِسُوٓا۟ إِيمَٰنَهُم بِظُلْمٍ أُو۟لَٰٓئِكَ
لَهُمُ ٱلْأَمْنُ وَهُم مُّهْتَدُونَ ۝ ع ١٥

Alladziina aamanuu walam yalbisuu iimaanahum bizhulmin ulaa-ika lahumul amnu wahum muhtaduun.

340). Allah s.w.t. paring tuntunan kainsafan piwulang Tauhid dhumateng Nabi Ibrahim a.s. ingkang supados kita para manungsa sacara paedagosis saged mangertosi Tauhid kanthi sampurna. Piwulang Tauhid punika tegesipun ngesthi ing Allah punika namung satunggal, boten kalih-tiga, utawi kathah! Allah punika ingkang sinedya ing sadayaning kabutuhan tuwin 'amal, boten peputra lan boten pinutrakaken, sanes rama lan sanes putra, boten wonten ingkang nyameni utawi anjejeri ing samukawisipun, lan boten wonten Pepundhen kajawi namung Panjenenganipun Ingkang Maha Luhur Maha Agung, makaten kaweca ing Surat Al Ikhlas. Tauhid saged kabage kalih: 1. **Tauhidul Uluhiyyah,** tegesipun nyawijekaken wonten ing prakawis pamundhi, inggih punika ngestokaken boten wonten pepundhen kajawi namung Allah piyambak, lan sujud utawi memundhi inggih namung dhumateng Panjenenganipun. Sadaya pangibadahipun, do'a, dzikir, Shiyam, Hajji, Zakat, lan Sedhekahipun ikhlas kunjuk ngarsanipun pangayunaning Allah piyambak! Makaten ugi ngibadah-sosialipun ingkang murakabi ing masyarakat inggih dipun ikhlasaken karana Allah. 2. **Tauhidur Rububiyyah,** tegesipun nyawijekaken wonten ing prakawis kapangeranan, inggih punika ngestokaken boten wonten ingkang saged nitahaken samukawis lan adamel begja-cilaka utawi bingah-sisah, sarta damel Agama (hukum wajib, halal lan haram lan s.p.) kajawi inggih namung Allah piyambak; lan sumarah inggih namung ngrungkebi Agaminipun lan ngugemi dhawuh-pangandikanipun. Pramila wonten ing kawruh Tasawuf, Tauhid punika dados wulangan ingkang pethingan. Pangrembagipun anjlimet tur memet sanget, ngantos wonten tiyang ingkang sami bingung, boten saged dunung! Lajeng sami kepleset mingset saking kaleresan, inggih punika malah dados tetiyang **kafir-dahri** utawi **wahdatul-wujud,** 'itiqad ingkang lacut, inggih punika tiyang ingkang nyelaki Allah utawi nganggep Allah wau manunggil ing awakipun! Na'uudzubillahi mindzaalik!

Dene **musyrik ing Allah,** punika nyamekaken, anjejeraken, nganthekaken utawi nartakaken satunggaling barang utawi makhluk dhumateng Allah s.w.t. Musyrik anggadhahi panganggep bilih barang sanesipun Allah wau gadhah daya (pangwasa) ghaib, inggih punika daya utawi pangwasa saged nyawabi utawi malati lss. Upaminipun, kadosta gadhah anggep yen brahala, kajeng, guwa, sela utawi kuburan sasaminipun, punika saged adamel begja utawi cilaka. Utawi gadhah anggep, brahala sapiturutipun wau badhe nyelakaken utawi ngayomi wonten ing ngarsaning Allah. Salajengipun tumunten sami dipun pepundhi dipun aji-aji, dipun caosi dhahar, dipun sajeni, dipun sesuwuni utawi dipun ajeng-ajeng berkah lan sawabipun! Dhuh para sudrisna langkung-langkung para Pemimpin, kados pundi Bangsa badhe majeng ing tehnik, resikan, lan jujur, manawi mentalipun kagubed ing kemusyrikan, takhayul, klenik sarta kebatosan ingkang makaten punika?

83. Lan mangkono iku hujjah Ingsun kang Ingsun paringake marang Nabi Ibrahim supaya kanggo ambantah para kaume, Ingsun arsa ngangkat derajat marang wong kang Ingsun karsake. Satemene Pangeran sesembahanira iku kang Maha Wicaksana sarta Maha Ngawuningani.

٨٣- وَتِلْكَ حُجَّتُنَآ اٰتَيْنٰهَآ اِبْرٰهِيْمَ عَلٰى قَوْمِهٖ ؕ نَرْفَعُ دَرَجٰتٍ مَّنْ نَّشَآءُ ؕ اِنَّ رَبَّكَ حَكِيْمٌ عَلِيْمٌ ۝

Watilka hujjatunaa atainaahaa ibraahiima 'alaa qaumihii narfa'u darajaatim man nasyaa', inna rabbaka hakiimul 'aliim.

Ummat kang wus diparingi Kitab, Hikmah lan Kenabian.

84 Lan Ingsun wus maringi marang Nabi Ibrahim anak lanang, yaiku Ishaq lan Ya'qub, sakarone iku wus padha Ingsun paringi pituduh, lan Nabi Nuh biyen uga wus Ingsun paringi pituduh, mangkono uga saka tedhak turune Ibrahim, kaya dene Dawud lan Sulaiman, lan Ayyub, lan Yusuf, lan Musa, lan Harun. Lan mangkono uga Ingsun angganjar marang wong-wong kang padha tumindak becik.

٨٤- وَوَهَبْنَا لَهٗٓ اِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ ؕ كُلًّا هَدَيْنَا ۚ وَنُوْحًا هَدَيْنَا مِنْ قَبْلُ وَمِنْ ذُرِّيَّتِهٖ دَاوٗدَ وَسُلَيْمٰنَ وَاَيُّوْبَ وَيُوْسُفَ وَمُوْسٰى وَهٰرُوْنَ ؕ وَكَذٰلِكَ نَجْزِى الْمُحْسِنِيْنَ ۙ

Wawahabnaa lahuu is-haaqa waya'quub, kullan hadainaa wa nuuhan hadainaa min qablu wamin dzurriyyatihii daawuuda wa sulaimaana wa ayyuuba wa yuusufa wa muusaa wa haaruun, wa kadzaalika najzil muhsiniin.

85. Lan Zakariya, Yahya, 'Isa, lan Ilyas, kabeh mau kalebu ewone wong-wong kang padha saleh.

٨٥- وَزَكَرِيَّا وَيَحْيٰى وَعِيْسٰى وَاِلْيَاسَ ؕ كُلٌّ مِّنَ الصّٰلِحِيْنَ ۙ

Wa zakariyyaa wa yahyaa wa 'iisaa wa ilyaas, kullum minash shaalihiin.

86. Lan Ismail, Alyasa', Yunus lan Luth. Siji-sijine iku wus Ingsun utamakake derajate ngungkuli wong-wong sa'alam kabeh.

٨٦- وَاِسْمٰعِيْلَ وَالْيَسَعَ وَيُوْنُسَ وَلُوْطًا ؕ وَكُلًّا فَضَّلْنَا عَلَى الْعٰلَمِيْنَ ۙ

Wa ismaa'iila wal yasa'a wa yuunusa wa luuthan, wakullan fadhdhalnaa 'alal 'aalamiin.

87. Lan Ingsun ngluwihake saperangan saka Bapak-Bapakne, turun-turune sarta sadulur-sadulure, lan Ingsun wus milih marang dheweke, lan Ingsun uga wus paring pituduh marang dheweke ana ing dedalan kang jejeg.

٨٧- وَمِنْ اٰبَآئِهِمْ وَذُرِّيّٰتِهِمْ وَاِخْوَانِهِمْ ۚ وَاجْتَبَيْنٰهُمْ وَهَدَيْنٰهُمْ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Wamin aabaa-ihim wa dzurriyyaatihim wa ikhwaanihim waj-tabainaahum wa hadainaahum ilaa shiraathim mustaqiim.

88. Kang mangkono iku pituduhing Allah. Panjenengane karsa anuduhake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe saka kawula-Ne kalawan iku pituduh. Lan manawa dhe-weke iku padha musyrikake ing Allah, yekti rusak kabeh amal kang wus padha ditindak-ake.

٨٨- ذٰلِكَ هُدَى اللّٰهِ يَهْدِىْ بِهٖ مَنْ يَّشَآءُ مِنْ عِبَادِهٖ ۚ وَلَوْ اَشْرَكُوْا لَحَبِطَ عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Dzaalika hudallaahi yahdii bihii may yasyaa-u min 'ibaadihii, walau asyra-kuu lahabitha 'anhum maa kaanuu ya'maluun.

89. Wong-wong kang mangkono mau pa-dha Ingsun paringi Kitab lan Hukum sarta pangkat Kanabian. Jalaran saka iku, manawa wong-wong kafir lan musyrik iku ora padha gelem iman marang Kitab lan Kanabian, mangka satemene Ingsun bakal masrahake barang-barang iku marang wong-wong liyane kang ora padha kafir.

٨٩- اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ وَالْحُكْمَ وَالنُّبُوَّةَ ۚ فَاِنْ يَّكْفُرْ بِهَا هٰٓؤُلَآءِ فَقَدْ وَكَّلْنَا بِهَا قَوْمًا لَّيْسُوْا بِهَا بِكٰفِرِيْنَ ۝

Ulaa-ikal ladziina aatainaahumul kitaaba wal hukma wan nubuwwata fa-iy yakfur bihaa haa-ulaa-i faqad wakkalnaa bihaa qaumal laisuu bihaa bikaafiriin.

90. Para Nabi iku kabeh wus padha oleh peparing pituduhing Allah, jalaran saka iku, sira andhereka marang pituduhe para Nabi mau. Dhawuha sira Muhammad :"Aku ora pisan-pisan mundhut pituwas marang sira kabeh tumrap anggonku nuduhake, jalaran ora ana liya Quraan iku, kajaba mung pepe-ling tumrap wong sa'alam kabeh 341)

٩٠- اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ هَدَى اللّٰهُ فَبِهُدٰىهُمُ اقْتَدِهْ ۗ قُلْ لَّآ اَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ اَجْرًا ۗ اِنْ هُوَ اِلَّا ذِكْرٰى لِلْعٰلَمِيْنَ ۝ ع ١٢

Ulaa-ikal ladziina hadallaahu fabihudaa-humuq-tadih, qul laa as-alukum 'alaihi ajraa, in huwa illaa dzikraa lil 'aala-miin.

341). Agama Islam punika Agama Risalah lan Agama Da'wah. Kautusipun para andika Nabi lan Rasul punika salugu andumugekaken Kitab, Hikmah lan Kenabian. Tegesipun kautusipun Nabi Mu-hammad s.a.w. punika boten namung kangge tiyang Arab thok, boten! Nanging piwulang Ri-salahipun lan Da'wahipun punika kangge ummat Manungsa sa'alam Donya. Sebab pancen manungsa punika makhluking Allah ingkang sampurna piyambak; susunan jasmaniyah lan ruhaniyahipun langkung sampurna tinimbang makhluk sanes-sanesipun. Gadhah pancadriya ingkang saged nyambetaken kaliyan alam sajawinipun, gadhah nafsu ingkang saged anjangkep-aken kaperluan gesangipun lan nurunaken anak-putu lan buyut sapiturutipun. Gadhah akal saged memikir, gadhah manah ingkang saged kraos lan rumaos, akal lan manah kalih-kalihipun saged ambedakaken sae lan awon, saru utawi utami! Dados manungsa punika isi raga lan jiwa, ingkang wonten kekiyatanipun (potensi) sarta bakat kangge anggayuh martabat ingkang lang-kung inggil, cekakipun saged damel kabudayan ingkang ngedab-edabi, mbok manawi boten namung Rembulan ingkang badhe dipun jalajahi ngabyantara kados ingkang dipun hayati dening para Astronaut, planet Mars pisan sampun dipun garap! Kosokwangsulipun martabating manungsa wau saged ambyar sawalang-walang, asoripun langkung nistha tinimbang hewan, ringkesing rembag, kabudayanipun saged malih asor sanget, boten wonten kamanungsanipun, boten wonten kaadilanipun, sepen situasi ingkang resep lan indah ing warni, wontenipun namung kondisi ingkang sarwa maksiyat lan ngumbar hawa nafsu! Saking punika wonten-ing Kitab Suci saking ngarsaning Allah ingkang dipun ampil para andika Nabi punika saestu ingkang kedah dipun parsudi supados dipun program lan dipun damel planning ingkang pange-trapipun cocok kalayan zamanipun. Agama Islam boten anti modernisasi lan tehnologi modern, malah saged gendhon rukon, saged parallel, saged sami dene ngisi satunggal dhumateng sa-tunggalipun!

91. Lan wong-wong Yahudi iku ora padha ngagungake ing Allah kalawan sajatining kagungaNe, jalaran wong-wong mau wus padha angucap: "Allah ora nurunake wahyu marang manungsa sathithik-thithika bae" Dhawuha sira Muhammad: "Sapa kang nurunake Kitab kang diampil dening Nabi Musa minangka dadi pepadhang lan pituduh marang para manungsa? Banjur padha sira gawe tulisan ana ing dluwang, ing kono banjur ana kang padha sira terangake, lan kang akeh sira umpetake, lan sira wus disumurupake kawruh kang maune sira lan wong-wong tuwanira ora padha mangerti. Dhawuha sira Muhammad: "Allah kang nurunake". Wong-wong mau tinggalen olehe padha dedolanan ana ing kesasare".

٩١- وَمَا قَدَرُوا اللّٰهَ حَقَّ قَدْرِهٖٓ اِذْ قَالُوْا مَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ عَلٰى بَشَرٍ مِّنْ شَيْءٍ ۗ قُلْ مَنْ اَنْزَلَ الْكِتٰبَ الَّذِيْ جَآءَ بِهٖ مُوْسٰى نُوْرًا وَّهُدًى لِّلنَّاسِ تَجْعَلُوْنَهٗ قَرَاطِيْسَ تُبْدُوْنَهَا وَتُخْفُوْنَ كَثِيْرًا ۚ وَعُلِّمْتُمْ مَّا لَمْ تَعْلَمُوْٓا اَنْتُمْ وَلَآ اٰبَآؤُكُمْ ۗ قُلِ اللّٰهُ ۙ ثُمَّ ذَرْهُمْ فِيْ خَوْضِهِمْ يَلْعَبُوْنَ ۝

Wamaa qadarullaaha haqqa qadrihi idz qaaluu maa anzalallaahu 'alaa basyarim min syai-in qul man anzalal kitaabal ladzii jaa-a bihii muusaa nuuraw wa hudal linnaasi taj'aluunahuu qaraathiisa tubduunahaa watukhfuuna katsiiraw wa 'ullimtum maalam ta'lamuu antum walaa aabaa-ukum qulillaahu tsumma dzarhum fii khaudhihim yal'abuun.

92. Lan Kitab Quraan iku Ingsun turunake ngemot berkah, kang ambenerake Kitab Suci kang sadurunge, saperlu supaya sira anggo mepelingi wong-wong kang ana ing Makkah, sarta marang wong sakiwa tengene Dene wong kang iman ing dina Akhir iku jenenge iya wus padha iman marang Quraan, lan wong-wong mau padha anjaga ana ing Shalate.

٩٢- وَهٰذَا كِتٰبٌ اَنْزَلْنٰهُ مُبٰرَكٌ مُّصَدِّقُ الَّذِيْ بَيْنَ يَدَيْهِ وَلِتُنْذِرَ اُمَّ الْقُرٰى وَمَنْ حَوْلَهَا ۗ وَالَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ يُؤْمِنُوْنَ بِهٖ وَهُمْ عَلٰى صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُوْنَ ۝

Wa haadzaa kitaabun anzalnaahu mubaarakum mushaddiqul ladzii baina yadaihi walitundzira ummal quraa waman haulahaa, wal ladziina yu'minuuna bil aakhirati yu'minuuna bihii wahum 'alaa shalaatihim yuhaafizhuun.

Laku doracara ing Allah lan larangan misuhi brahala.

93. Lan sapa ta wong kang luwih anganiaya tinimbang wong kang agawe gegorohan marang Allah, utawa ngaku-aku manawa aku wus katurunan Wahyu, ing mangka sajatine dheweke iku sathithik bae ora katurunan Wahyu, lan wong kang ngucap: "Aku bakal nurunake Wahyu Quraan kaya kang wus diturunake dening Allah". He Muhammad! Manawa sira andeleng marang wong-wong kang padha tindak nganiaya mau ana ing sajerone sakarating pati, ing kono Malaikat pati banjur mbeberake tangan-tangane, kanthi angucap: "Dina iki sira padha ngetokna

٩٣- وَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا اَوْ قَالَ اُوْحِيَ اِلَيَّ وَلَمْ يُوْحَ اِلَيْهِ شَيْءٌ وَّمَنْ قَالَ سَاُنْزِلُ مِثْلَ مَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ ۗ وَلَوْ تَرٰٓى اِذِ الظّٰلِمُوْنَ فِيْ غَمَرٰتِ الْمَوْتِ وَالْمَلٰٓئِكَةُ بَاسِطُوْٓا اَيْدِيْهِمْ ۚ اَخْرِجُوْٓا اَنْفُسَكُمْ ۗ اَلْيَوْمَ تُجْزَوْنَ عَذَابَ الْهُوْنِ بِمَا كُنْتُمْ تَقُوْلُوْنَ عَلَى اللّٰهِ غَيْرَ الْحَقِّ وَكُنْتُمْ عَنْ اٰيٰتِهٖ تَسْتَكْبِرُوْنَ ۝

nyawanira saka raganira, sarta sira kabeh bakal padha nampa piwales siksa kang nginakake, jalaran saka anggonira padha gumedhe marang ayat-ayating Allah".

Waman azhlamu mimmaniftaraa 'alallaahi kadziban au qaala uuhiya ilayya walam yuuhaa ilaihi syai-uw waman qaala sa-unzilu mitsla maa anzalallaah, walau taraa idzizh zhaalimuuna fii ghamaraatil mauti wal malaa-ikatu baasithuu aidiihim akhrijuu anfusakumul yauma tujzauna 'adzaabal huuni bimaa kuntum taquuluuna 'alallaahi ghairal haqqi wa kuntum 'an aayaatihii tastakbiruun.

94. Lan sayekti sira bakal padha sowan ana ngarsaIngsun dhewekan, kaya dene kahananira nalika Ingsun anitahake lahirira ing sakawit, lan sira bakal ninggal bandha kang kang wus Ingsun paringake marang sira, lan Ingsun ora mriksani bebarengan karo sira juru-juru syafa'at kang sira kira bakal bebarengan karo sira dadi sakuthu, sanyatane wus pedhot antaranira lan antarane brahalanira, lan sirna saka sira kabeh barang kang padha sira nyana.

٩٤- وَلَقَدْ جِئْتُمُونَا فُرَادَىٰ كَمَا خَلَقْنَاكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍ
وَتَرَكْتُم مَّا خَوَّلْنَاكُمْ وَرَاءَ ظُهُورِكُمْ ۖ وَمَا نَرَىٰ مَعَكُمْ
شُفَعَاءَكُمُ الَّذِينَ زَعَمْتُمْ أَنَّهُمْ فِيكُمْ شُرَكَاءُ ۚ
لَقَد تَّقَطَّعَ بَيْنَكُمْ وَضَلَّ عَنكُم مَّا كُنتُمْ تَزْعُمُونَ ٩٤ ع ١١ ١٧

Walaqad ji'tumuunaa furaadaa kamaa khalaqnaakum awwala marratiw wa taraktum maa khawwalnaakum waraa-a zhuhuurikum wamaa naraa ma'akum syufa'aa-akumul ladziina za'amtum annahum fiikum syurakaa', laqad taqaththa'a bainakum wa dhalla 'ankum maa kuntum taz'umuun.

95. Sanyata Allah kang amlethekake wiji lan klungsu isine woh-wohan, Panjenengane anuwuhake ngaurip saka barang mati, lan kang anuwuhake barang mati saka ngaurip. Kang anuwuhake mangkono iku Allah, iya gene sira banjur padha mlengos?

٩٥- إِنَّ اللَّهَ فَالِقُ الْحَبِّ وَالنَّوَىٰ ۖ يُخْرِجُ الْحَيَّ مِنَ
الْمَيِّتِ وَمُخْرِجُ الْمَيِّتِ مِنَ الْحَيِّ ۚ ذَٰلِكُمُ اللَّهُ فَأَنَّىٰ
تُؤْفَكُونَ ٩٥

Innallaaha faaliqul habbi wannawaa, yukhrijul hayya minal mayyiti wa mukhrijul mayyiti minal hayyi, dzaalikumullaahu, fa-annaa tu'fakuun.

96. Uga Allah kang amlethekake waktu Shubuh, lan wus andadekake wayah bengi kanggo ngaso, apa dene Srengenge lan Rembulan lumaku sarana pitungan. Kang mangkono iku katemtuwaning Pangeran sesembahan kang Maha Unggul tur kang Maha Ngawuningani.

٩٦- فَالِقُ الْإِصْبَاحِ ۚ وَجَعَلَ اللَّيْلَ سَكَنًا وَالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ
حُسْبَانًا ۚ ذَٰلِكَ تَقْدِيرُ الْعَزِيزِ الْعَلِيمِ ٩٦

Faalikul ishbaahi waja'alal laila sakanaw wasy-syamsa wal qamara husbaanaa, dzaalika taqdiirul 'aziizil 'aliim.

97. Lan Panjenengane kang wus andadekake Lintang pirang-pirang migunani tumrap sira, supaya kok anggu pituduh ana ing pepetenging Dharatan lan Samodra. Sanyata Ingsun wus amrinci-mrinci Ayat pirang-pirang tumrap wong kang padha mangerti.

٩٧. وَهُوَ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ النُّجُوْمَ لِتَهْتَدُوْا بِهَا فِيْ ظُلُمٰتِ الْبَرِّ وَالْبَحْرِ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ۝

Wahuwal ladzii ja'ala lakumun nujuuma litahtaduu bihaa fii zhulumaatil barri wal bahr, qad fashshalnal aayaati liqaumiy ya'lamuun.

98. Lan PanjenengaNe kang wus nuwuhake sira kabeh saka[342] awak sawiji, banjur kanggo sira ana papan kang tetep lan ana panggonan simpenan.[343] Sanyata Ingsun wus mijang-mijangake Ayat pirang-pirang tumrap wong kang padha bisa nyurasa.

٩٨. وَهُوَ الَّذِيْٓ اَنْشَاَكُمْ مِّنْ نَّفْسٍ وَّاحِدَةٍ فَمُسْتَقَرٌّ وَّمُسْتَوْدَعٌ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّفْقَهُوْنَ ۝

Wahuwal ladzii ansya-akum min nafsiw waahidatin famustaqarruw wamustauda' qad fashshalnal aayaati liqaumiy yafqahuun.

99. Lan PanjenengaNe mau kang wus nurunake banyu saka ing Langit, banjur Ingsun anggo nuwuhake thethukulane sakabehing sawiji-wiji. Lan saweneh saka thethukulan mau Ingsun nuwuhake gaga kang ijo, saka gaga mau Ingsun angetokake wiji dhedhompolan. Lan saka wit kurma yaiku saka lajere metu janjangan kang endhek. Lan Ingsun nuwuhake pirang-pirang wit anggur apa dene wit zaitun, lan delima kang sarupa, lan ora sarupa. Mara padha andelenga wohe manawa wus awoh sarta mateng. Sanyata ing dalem kang mangkono mau ana Ayat pirang-pirang tumrap wong kang padha Mu'min.

٩٩. وَهُوَ الَّذِيْٓ اَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً ۚ فَاَخْرَجْنَا بِهٖ نَبَاتَ كُلِّ شَيْءٍ فَاَخْرَجْنَا مِنْهُ خَضِرًا نُّخْرِجُ مِنْهُ حَبًّا مُّتَرَاكِبًا ۚ وَمِنَ النَّخْلِ مِنْ طَلْعِهَا قِنْوَانٌ دَانِيَةٌ وَّجَنّٰتٍ مِّنْ اَعْنَابٍ وَّالزَّيْتُوْنَ وَالرُّمَّانَ مُشْتَبِهًا وَّغَيْرَ مُتَشَابِهٍ ۗ اُنْظُرُوْٓا اِلٰى ثَمَرِهٖٓ اِذَآ اَثْمَرَ وَيَنْعِهٖ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكُمْ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ۝

Wahuwal ladzii anzala minas samaa-i maa-an fa-akhrajnaa bihii nabaata kulli syai-in fa-akhrajnaa minhu khadhiran nukhriju minhu habban mutaraakiban waminan nakhli min thal'ihaa qinwaanun daaniyatuw wa jannaatim min a'naabiw wazzaituuna warrummaana musytabihaw wa ghaira mutasyaabih, unzhuruu ilaa tsamarihii idzaa atsmara wa yan'ih, inna fii dzaalikum la-aayaatil liqaumiy yu'minuun.

342). Inggih punika Nabi Adam a.s.

343). Saweneh Mufassirin anerangaken bilih maksudipun panggenan tetep punika balung-sungsum Bapak, dene panggenan nyimpen punika ing rahim Ibu. Wonten Ulama sanes angendikakaken, panggenan tetep punika ing nalika manungsa gesang wonten ing alam Donya, dene panggenan nyimpen punika ing alam kubur (kasimpen sawatawis wekdal) sasampunipun manungsa dumugi ing ajalipun (pejah).

١٠٠ وَجَعَلُوْا لِلّٰهِ شُرَكَآءَ الْجِنَّ وَخَلَقَهُمْ وَخَرَقُوْا لَهٗ
بَنِيْنَ وَبَنَاتٍۢ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۗ سُبْحٰنَهٗ وَتَعٰلٰى عَمَّا
يَصِفُوْنَ ۝ ع ١٢ ١٨

100. Lan para wong musyrik padha nganggep manawa jin-jin dadi sakuthoning Allah, ing mangka jin-jin mau tinitahake dening Allah. Lan padha nganggep kang digawe-gawe ora adhedhasar ilmu, 344) yen Allah iku kagungan putra lanang utawa wadon. Allah Maha Suci lan Maha Luhur saka gawe-gawene mau.

Waja'aluu lillaahi syurakaa-al jinna wa khallaqahum wa kharaquu lahuu baniina wabanaatim bighairi 'ilmin subhaanahuu wata'aalaa 'ammaa yashifuun.

١٠١ بَدِيْعُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ اَنّٰى يَكُوْنُ لَهٗ وَلَدٌ وَّ
لَمْ تَكُنْ لَّهٗ صَاحِبَةٌ ۗ وَخَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ ۚ وَهُوَ بِكُلِّ
شَيْءٍ عَلِيْمٌ ۝

101. PanjenengaNe kang anitahake pirang-pirang Langit lan Bumi. Kapriye teka PanjenengaNe kagungan putra, ing mangka PanjenengaNe ora kagungan garwa. Lan wus anitahake sakabeh ing sawiji-wiji, lan marang sakabeh ing sawiji-wiji mau PanjenengaNe Ngawuningani.

Badii'ussamaawaati wal ardhi annaa yakuunu lahuu waladuw walam takun lahuu saahibatun wa khalaqa kulla syai-in wahuwa bikulli syai-in 'aliim.

١٠٢ ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ ۚ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ خَالِقُ كُلِّ شَيْءٍ
فَاعْبُدُوْهُ ۚ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ وَّكِيْلٌ ۝

102. Kang mangkono iku Allah Pangeran sesembahanira kabeh. Ora ana Pepundhen, saliyane mung PanjenengaNe kang anitahake sakabeh ing barang sawiji-wiji. Mulane padha manembaha ing PanjenengaNe, lan PanjenengaNe mau kang anjaga marang sakabeh ing sawiji-wiji barang.

Dzaalikumullaahu rabbukum laa-ilaaha illaa huwa khaaliqu kulli syai-in fa'buduuhu wahuwa 'alaa kulli syai-iw wakiil

١٠٣ لَا تُدْرِكُهُ الْاَبْصَارُ ۖ وَهُوَ يُدْرِكُ الْاَبْصَارَ ۚ وَهُوَ
اللَّطِيْفُ الْخَبِيْرُ ۝

103. Ora bisa anggayuh marang PanjenengaNe sakabeh ing paningal, ananging PanjenengaNe ngawuningani menyang sakabeh ing paningal mau. Lan PanjenengaNe mau kang Maha Alus sarta Maha Waspada.

Laa tudrikuhul abshaaru wahuwa yudrikul abshaara wahuwallathiiful khabiir.

١٠٤ قَدْ جَآءَكُمْ بَصَآئِرُ مِنْ رَّبِّكُمْ ۚ فَمَنْ اَبْصَرَ فَلِنَفْسِهٖ ۚ
وَمَنْ عَمِيَ فَعَلَيْهَا ۗ وَمَآ اَنَا عَلَيْكُمْ بِحَفِيْظٍ ۝

104. Sanyata sira wus padha katekanan pepadhang saka ngarsaning Pangeranira, banjur sapa kang gelem ngalap pepadhang mau 345) ganjarane iya kanggo awake, lan sapa kang

344). Piyambakipun nyriosaken bilih Allah punika kagungan putra, kados tiyang Yahudi anerangaken bilih 'Uzair punika putranipun Allah, sarta tetiyang Musyrikin ugi nyriosaken bilih Malaikat punika putranipun Allah.

345). Ngalap pepadhang tegesipun pepadhanging kaleresan sarta nindakaken 'amal shaleh, sarta piyambakipun pinaringan Hidayah lan Taufik saking ngarsaning Allah sahingga anggayuh kabegjan Donya lan Akherat!

micak, siksane iya ditanggung dhewe. Dene aku Muhammad ora bisa anjaga marang sira kabeh.

Qad jaa-akum bashaa-iru mirrabbikum faman abshara falinafsih, waman 'amiya fa'alaihaa wamaa ana 'alaikum bihafiizh.

١٠٥- وَكَذٰلِكَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ وَلِيَقُوْلُوْا دَرَسْتَ وَلِنُبَيِّنَهٗ لِقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ۝

105. Lan mangkono uga Ingsun wus nerangnerangake Ayat Ayat, temahan wong-wong mau angucap: "Sampeyan harak sampun maos". Lan Ingsun nerangake iku mau marang wong-wong kang padha mangerti.

Wa kadzaalika nusharriful aayaati waliyaquuluu darasta walinubayyinahuu liqaumiy ya'lamuun.

١٠٦- اِتَّبِعْ مَآ اُوْحِيَ اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ ۚ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ وَاَعْرِضْ عَنِ الْمُشْرِكِيْنَ ۝

106. He Muhammad! Sira ngestokna Wahyu kang kawahyokake marang sira saka Pangeran sesembahanira, ora ana Pangeran sesembahan kajaba mung PanjenengaNe Allah piyambak, lan sira mlengosa saka wong-wong kang padha musyrik.

Ittabi' maa uuhiya ilaika mirrabbika laa-ilaaha illaa huwa wa a'ridh 'anil musyrikiin.

١٠٧- وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ مَآ اَشْرَكُوْا ۭ وَمَا جَعَلْنٰكَ عَلَيْهِمْ حَفِيْظًا ۚ وَمَآ اَنْتَ عَلَيْهِمْ بِوَكِيْلٍ ۝

107. Lan manawa ana kaparenging karsane Allah, yekti dheweke iku ora padha nyakuthokake Allah, lan Ingsun ora ngangkat ing sira supaya anjaga marang wong-wong mau, sarta sira ora Ingsun pasrahi supaya ngreksa marang dheweke.

Walau syaa-allaahu maa asyrakuu wamaa ja'alnaaka 'alaihim hafiizhaa, wamaa anta 'alaihim biwakiil.

١٠٨- وَلَا تَسُبُّوا الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ فَيَسُبُّوا اللّٰهَ عَدْوًاۢ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۭ كَذٰلِكَ زَيَّنَّا لِكُلِّ اُمَّةٍ عَمَلَهُمْ ۠ ثُمَّ اِلٰى رَبِّهِمْ مَّرْجِعُهُمْ فَيُنَبِّئُهُمْ بِمَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

108. Lan sira kabeh aja padha misuhi brahalane wong-wong kang padha nyembah saliyane Allah, mengko wong-wong mau mundhak padha misuhi lan mungsuh ing Allah jalaran anggone ora mangerti. Mangkono uga Ingsun wus angrenggo para ummat tumrap tindake dhewe-dhewe, tumuli wong-wong mau bakal padha disowanake ana ing ngarsaning Allah, PanjenengaNe bakal anjlentrehake marang wong-wong mau kalawan 'amal kang padha ditindakake.

Walaa tasubbul ladziina yad'uuna min duunillaahi fayasubbullaaha 'adwam bighairi 'ilmin kadzaalika zayyannaa likuli ummatin 'amalahum tsumma ilaa rabbihim marji'uhum fayunabbi-uhum bimaa kaanuu ya'mahuun.

١٠٩- وَاَقْسَمُوْا بِاللّٰهِ جَهْدَ اَيْمَانِهِمْ لَىِٕنْ جَاۗءَتْهُمْ اٰيَةٌ لَّيُؤْمِنُنَّ بِهَا ۭ قُلْ اِنَّمَا الْاٰيٰتُ عِنْدَ اللّٰهِ ۭ وَمَا يُشْعِرُكُمْ ۙ اَنَّهَآ اِذَا جَاۗءَتْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

109. Wong-wong mau padha sumpah sarana asmaning Allah kalawan temen-temen, yaiku manawa teka marang wong-wong mau mu'jizat, dheweke mesthi bakal padha ngimanake. Dhawuha sira Muhammad: "Satemene mu'jizat iku mung ana ing ngarsaning Allah". Sira kabeh ora mangerti manawa dheweke

ora padha iman sanajana mu'jizat iku teka. 346)

Wa aqsamuu billaahi jahda aimaanihim la-in jaa-athum aayatul layu'minunna bihaa, qul innamal aayaatu 'indallaahi wamaa yusy'irukum annahaa idzaa jaa-at laa yu'minuun.

110. Lan Ingsun molak-malikake ati-atine wong-wong mau, lan pandelenge kaya anggone ora padha percaya marang Muhammad ana ing sakawit, lan Ingsun bakal nguja marang wong-wong mau padha bingung ana ing sasare.

١١٠- وَنُقَلِّبُ أَفْـِٔدَتَهُمْ وَأَبْصَارَهُمْ كَمَا لَمْ يُؤْمِنُوا بِهِۦٓ أَوَّلَ مَرَّةٍ وَنَذَرُهُمْ فِى طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُونَ ۝

Wanuqallibu af-idatahum wa abshaarahum kamaa lam yu'minuu bihii awwala marratiw wanadzaruhum fii tughyaanihim ya'mahuun.

JUZ 8

Wangkode wong musyrik lan tindaktanduke marang Nabi s.a.w.

111. Saupama Ingsun anurunake Malaikat marang dheweke, lan manawa dheweke bisa guneman karo wong mati, lan Ingsun ngumpulake samubarang banjur adu arep karo dheweke, wong-wong mau 347) ora padha gelem iman kajaba yen dikarsakake dening Allah, ananging akeh-akehe wong-wong mau padha bodho.

١١١- وَلَوْ أَنَّنَا نَزَّلْنَآ إِلَيْهِمُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةَ وَكَلَّمَهُمُ ٱلْمَوْتَىٰ وَحَشَرْنَا عَلَيْهِمْ كُلَّ شَىْءٍ قُبُلًا مَّا كَانُوا۟ لِيُؤْمِنُوٓا۟ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ يَجْهَلُونَ ۝

Walau annanaa nazzalnaa ilaihimul malaa-ikata wa kallama humul mautaa wa hasyarnaa 'alaihim kulla syai-in qubulam maa kaanuu liyu'minuu illaa ay yasyaaallaahu walaakinna aktsarahum yajhaluun.

112. Lan kaya mangkono uga Ingsun wus andamel tumrap siji-sijining Nabi padha anduweni satru, yaiku syetan-syetan bangsaning manungsa lan jin, sawenehe tutur marang liyane kalawan pangucap lelamisan minangka pambujuk marang manungsa, 348) mangka saupama ana kaparenging karsaNe Pangeran sesembahanira, mesthi dheweke ora padha anindakake kaya mangkono. Jalaran saka iku dheweke tinggalen bae anggone tindak laku goroh.

١١٢- وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَا لِكُلِّ نَبِىٍّ عَدُوًّا شَيَٰطِينَ ٱلْإِنسِ وَٱلْجِنِّ يُوحِى بَعْضُهُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ زُخْرُفَ ٱلْقَوْلِ غُرُورًا ۚ وَلَوْ شَآءَ رَبُّكَ مَا فَعَلُوهُ ۖ فَذَرْهُمْ وَمَا يَفْتَرُونَ ۝

Wakadzaalika ja'alnaa likulli nabiyyin 'aduwwan syayaathiinal insi wal jinni yuuhii ba'dhuhum ilaa ba'dhin zukhrufal qauli ghuruuraa, walau syaa-a rabbuka maa fa'aluuhu fadzarhum wamaa yaftaruun.

346). Inggih punika tetiyang musyrik sami sumpah bilih manawi dhateng saking ngarsaning Allah mu'jizat piyambakipun sagah badhe iman, sabab kaum Muslimin ngajeng-ajeng dhumateng Rasulullah s.a.w. supados Allah kersa nurunaken mu'jizat ingkang dipun maksud, pramila Allah boten angersakaken ingkang makaten, lajeng tumurun ayat kasebat ing nginggil!

347). Maksudipun supados dados saksi bilih Muhammad s.a.w. punika Rasulullah.

348). Tegesipun para syetan jenis jin lan jenis manungsa sami reka-daya ngapusi para manungsa sampun ngantos iman dhumateng Nabi s.a.w.

113. Lan supaya atine wong-wong kang padha ora iman marang Akherat condhong marang bujukan mau, lan supaya padha rila atine kalawan kekliruan-kekliruan lan supaya dheweke padha nindakake laku ala kang arep padha ditindakake.

١١٣- وَلِتَصْغَىٰٓ إِلَيْهِ أَفْـِٔدَةُ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱلْـَٔاخِرَةِ وَ
لِيَرْضَوْهُ وَلِيَقْتَرِفُوا۟ مَا هُم مُّقْتَرِفُونَ ۝

Walitashghaa ilaihi af-idatul ladziina laa yu'minuuna bil aakhirati waliyardhauhu waliyaqtarifuu maa hum muqtarifuun.

114. Dhawuha sira Muhammad: "Apa pantes aku golek kang bisa mutusi saliyane Allah, mangka PanjenengaNe iku kang wus nurunake marang sira kabeh Kitab Quraan kalawan terang?" Dhawuhing Allah: "Wong wong kang Ingsun paringi Kitab iku padha mangerti, yen Quraan iku tinurunake saka ngarsaning Pangeran sesembahanira kalawan bener, mulane sira aja kongsi kalebu ewone wong-wong kang padha mamang.

١١٤- أَفَغَيْرَ ٱللَّهِ أَبْتَغِى حَكَمًا وَهُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ إِلَيْكُمُ
ٱلْكِتَٰبَ مُفَصَّلًا ۚ وَٱلَّذِينَ ءَاتَيْنَٰهُمُ ٱلْكِتَٰبَ يَعْلَمُونَ
أَنَّهُۥ مُنَزَّلٌ مِّن رَّبِّكَ بِٱلْحَقِّ ۖ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلْمُمْتَرِينَ ۝

Afaghairallaahi abtaghii hakamaw wa huwalladzii anzala ilaikumul kitaaba mufashshalaa, walladziina aatainaahumul kitaaba ya'lamuuna annahuu munazzalum mirrabbika bil haqqi falaa takuunanna minal mumtariin.

115. Lan wus sampurna sabda pangandikaning Pangeran sesembahanira kalawan temen tur 'adil, ora ana kang bisa kaconggah anglironi pangandikane Allah, lan PanjenengaNe iku Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani.

١١٥- وَتَمَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ صِدْقًا وَعَدْلًا ۖ لَّا مُبَدِّلَ
لِكَلِمَٰتِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ۝

Watammat kalimatu rabbika shidqaw wa-'adlaa, laa mubaddila likalimaatihii wa huwas samii'ul 'aliim.

116. Manawa sira Muhammad manut akehakehe wong kang ana ing Bumi, yekti dheweke bakal anyasarake sira saka dedalaning Allah, jalaran dheweke ora padha manut kajaba mung panyana, lan dheweke ora ana liya mung padha goroh marang Allah [349]

١١٦- وَإِن تُطِعْ أَكْثَرَ مَن فِى ٱلْأَرْضِ يُضِلُّوكَ عَن
سَبِيلِ ٱللَّهِ ۚ إِن يَتَّبِعُونَ إِلَّا ٱلظَّنَّ وَإِنْ هُمْ
إِلَّا يَخْرُصُونَ ۝

Wa-in tuthi' aktsara man fil ardhi yudhilluuka 'an sabiilillaah, iy yattabi'uuna illazhzhanna wa-in hum illaa yakhrushuun.

117. Sanyata Pangeran sesembahanira iku kang luwih ngawuningani wong kang kasasar saka dedalane, lan Panjenengane kang luwih ngawuningani marang wong-wong kang oleh pituduh.

١١٧- إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ مَن يَضِلُّ عَن سَبِيلِهِۦ ۖ وَهُوَ
أَعْلَمُ بِٱلْمُهْتَدِينَ ۝

Inna rabbaka huwa a'lamu may yadhillu 'an sabiilihii wa huwa a'lamu bil muhtadiin.

---

349). Upaminipun ngalalaken tetedhan ingkang dipun haramaken dening Allah, lan ngaramaken punapa ingkang dipun halalaken dening Allah, utawi nyriosaken bilih Allah punika kagungan putra lan sapanunggilanipun!

118. Mangka sira padha mangana saka sesembelihan kang nganggo disebut asmaning Allah, yen nyata sira kabeh iku padha iman marang Ayat-Ayate Allah.

١١٨- فَكُلُوا مِمَّا ذُكِرَ اسْمُ اللَّهِ عَلَيْهِ إِنْ كُنْتُمْ بِآيَاتِهِ مُؤْمِنِينَ ٥

Fakuluu mimmaa dzukirasmullaahi 'alaihi in kuntum bi aayaatihii mu'miniin.

119. Yagene teka sira ora padha gelem mangan sesembelihan kang disebut asmaning Allah? Mangka PanjenengaNe wus karsa mrinci-mrinci barang kang haram tumrap sira kabeh, kajaba yen sira kabeh padha kapeksa mangan iku. Ananging akeh-akehe wong mau padha nyasarake sira kabeh kalawan hawa nafsune tanpa kawruh ilmu. Sanyata Pangeran sesembahanira iku kang luwih Ngawuningani marang wong-wong kang padha ngliwati wangenan.

١١٩- وَمَا لَكُمْ أَلَّا تَأْكُلُوا مِمَّا ذُكِرَ اسْمُ اللَّهِ عَلَيْهِ وَقَدْ فَصَّلَ لَكُمْ مَا حَرَّمَ عَلَيْكُمْ إِلَّا مَا اضْطُرِرْتُمْ إِلَيْهِ وَإِنَّ كَثِيرًا لَيُضِلُّونَ بِأَهْوَائِهِمْ بِغَيْرِ عِلْمٍ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِالْمُعْتَدِينَ ٥

Wamaa lakum allaa ta'kuluu mimmaa dzukirasmullaahi 'alaihi waqad fashshala lakum maa harrama 'alaikum illaa madh thurirtum ilaihi wa inna katsiiral layudhilluuna bi ahwaa-ihim bighairi 'ilm, inna rabbaka huwa a'lamu bil mu'tadiin.

120. Lan padha ngedohana dosa kang lahir, lan kang batin. Sanyata wong kang padha nindakake dosa mau, bakal padha diwales sarana dosa kang wus padha dilakoni.

١٢٠- وَذَرُوا ظَاهِرَ الْإِثْمِ وَبَاطِنَهُ إِنَّ الَّذِينَ يَكْسِبُونَ الْإِثْمَ سَيُجْزَوْنَ بِمَا كَانُوا يَقْتَرِفُونَ ٥

Wadzaruu zhaahiral itsmi wa baathinah, innal ladziina yaksibuunal itsma sayujzauna bimaa kaanuu yaqtarifuun.

121. Lan sira aja padha mangan sembelih an hewan-hewan kang halal kang ora nganggo disebut asmaning Allah, jalaran kang mangkono iku duraka, lan satemene syetan iku padha tutur marang kekasihe supaya padha madoni marang sira kabeh, lan manawa sira kabeh nganti manut ing dheweke, sanyata sira kabeh iku padha dadi musyrik kaya dheweke.

١٢١- وَلَا تَأْكُلُوا مِمَّا لَمْ يُذْكَرِ اسْمُ اللَّهِ عَلَيْهِ وَإِنَّهُ لَفِسْقٌ وَإِنَّ الشَّيَاطِينَ لَيُوحُونَ إِلَى أَوْلِيَائِهِمْ لِيُجَادِلُوكُمْ وَإِنْ أَطَعْتُمُوهُمْ إِنَّكُمْ لَمُشْرِكُونَ ٥ ع ١

Walaa ta'kuluu mimmaa lam yudzkarismullaahi 'alaihi wa innahuu lafisq, wa innasy-syayaathiina layuuhuuna ilaa auliyaa-ihim liyujaadiluukum wa in atha'tumuuhum innakum lamusyrikuun.

122. Lan apa wong kang maune mati,[350] tumuli Ingsun nguripake dheweke maneh, lan Ingsun banjur maringi marang dheweke pepadhang, tumuli wong mau lumaku kalawan pepadhang iku ana antarane para manungsa, iku padha karo wong-wong kang

١٢٢- أَوَمَنْ كَانَ مَيْتًا فَأَحْيَيْنَاهُ وَجَعَلْنَا لَهُ نُورًا يَمْشِي بِهِ فِي النَّاسِ كَمَنْ مَثَلُهُ فِي الظُّلُمَاتِ لَيْسَ بِخَارِجٍ مِنْهَا كَذَلِكَ زُيِّنَ لِلْكَافِرِينَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ٥

350). Ingkang dipun maksud pejah manahipun, inggih punika tiyang kafir s.p.

ana ing pepeteng, dheweke ora padha bisa metu saka ing kono? Kaya mangkono iku wong-wong kafir padha direngga-rengga kabeh lakune kang ala katone becik.

Awaman kaana maitan fa-ahyainaahu waj'alnaa lahuu nuuray yamsyii bihii finnaasi kamam matsaluhuu fizh zhulumaati laisa bikhaarijim minhaa kadzaalika zuyyina lil kaafiriina maa kaanuu ya' maluun.

١٢٣- وَكَذٰلِكَ جَعَلْنَا فِيْ كُلِّ قَرْيَةٍ اَكٰبِرَ مُجْرِمِيْهَا لِيَمْكُرُوْا فِيْهَا ۭ وَمَا يَمْكُرُوْنَ اِلَّا بِاَنْفُسِهِمْ وَمَا يَشْعُرُوْنَ ۝

123. Lan kaya mangkono uga Ingsun andamel ana ing saben-saben Negara pirang-pirang manungsa kang kalebu mulya kajen keringan kang padha tumindak duraka, padha nindakake paekan ana ing Negara mau, mangertia, dheweke ora padha maeka kajaba mung marang awake dhewe, ananging dheweke ora padha krasa rumangsa!

Wakadzaalika ja'alnaa fii kulli qaryatin akaabira mujrimiihaa liyamkuruu fiihaa wamaa yamkuruuna illaa bi anfusihim wamaa yasy'uruun.

١٢٤- وَاِذَا جَاۗءَتْهُمْ اٰيَةٌ قَالُوْا لَنْ نُّؤْمِنَ حَتّٰى نُؤْتٰى مِثْلَ مَآ اُوْتِيَ رُسُلُ اللّٰهِ ۘ اَللّٰهُ اَعْلَمُ حَيْثُ يَجْعَلُ رِسَالَتَهٗ ۭ سَيُصِيْبُ الَّذِيْنَ اَجْرَمُوْا صَغَارٌ عِنْدَ اللّٰهِ وَعَذَابٌ شَدِيْدٌۢ بِمَا كَانُوْا يَمْكُرُوْنَ ۝

124. Lan manawa wong-wong mau katekanan Ayat tandha yekti, dheweke padha angucap: "Kita ora arep padha iman, nganti kita dhewe diparingi wahyu kaya kang wus diparingake marang para andika Rasuling Allah". Ananging Allah iku Maha Ngawuningani, luwih dening luwih, sapa ta kang kudu diparingi Risalahe. Wong-wong kang padha duraka mau bakal dadi asor, besuk ana ing ngarsaning Allah, lan bakal kapatrapan siksa kang banget abote, jalaran saka anggone padha nindakake paekan.

Wa idzaa jaa-at hum aayatun qaaluu lan nu'mina hattaa nu'taa mitsla maa uutiya rusulullaah, allaahu a'lamu haitsu yaj'alu risaalatah, sayushiibul ladziina ajramuu shaghaarun 'indallaahi wa 'adzaabun syadiidum bimaa kaanuu yamkuruun.

١٢٥- فَمَنْ يُّرِدِ اللّٰهُ اَنْ يَّهْدِيَهٗ يَشْرَحْ صَدْرَهٗ لِلْاِسْلَامِ ۚ وَمَنْ يُّرِدْ اَنْ يُّضِلَّهٗ يَجْعَلْ صَدْرَهٗ ضَيِّقًا حَرَجًا كَاَنَّمَا يَصَّعَّدُ فِي السَّمَاۗءِ ۭ كَذٰلِكَ يَجْعَلُ اللّٰهُ الرِّجْسَ عَلَي الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

125. Mangka sapa kang dikarsakake dening Allah bakal kaparingan pituduh, PanjenengaNe bakal anjembarake dhadhane wong iku kanggo nampa wulangan Islam,*) lan sapa bae kang dikarsakake sasar dening Allah sinasarake, PanjenengaNe mesthi andamel dhadhane wong iku banget rupeke lan sesege, kaya-kaya wong mau didhawuhi munggah menyang Langit. Mangkono iku Allah andamel jejember ana ing atine wong-wong kang ora padha iman.

Faman yuridillaahu ay yahdiyahuu yasrah shadrahuu lil islaami wamay yurid ay yudhillahuu yaj'al shadrahuu dhayyiqan harajan ka-annamaa yashsha' 'adu fis samaa-i kadzaalika yaj'alullaahur rijsa 'alal ladziina laa yu'minuun.

١٢٦- وَهٰذَا صِرَاطُ رَبِّكَ مُسْتَقِيْمًا ۭ قَدْ فَصَّلْنَا الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّذَّكَّرُوْنَ ۝

126. Lan mangkene iki, dedalane Pangeran sesembahanira kang bener. Sanyata Ingsun wus mijang-mijang Ayat pirang-pirang mungguhing wong kang padha gelem ngangen-angen!

*). Bab Wulangan Islam mirsanana ing "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi" kaca wingking.

Wa haadzaa shiraathu rabbika mustaqiimaa, qad fashshalnal aayaati liqaumiy yadzdzakkaruun.

127. Dheweke ana ngarsaning Pangeran sesembahane bakal padha oleh omah karaharjan, lan Pangeran sesembahane mau arsa ngayomi, amarga anggone wus padha nindakake kabecikan.

١٢٧- لَهُمْ دَارُ السَّلٰمِ عِنْدَ رَبِّهِمْ وَهُوَ وَلِيُّهُمْ بِمَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Lahum daarus salaami 'inda rabbihim wahuwa waliyyuhum bimaa kaanuu ya'maluun.

128. Lan elinga ana ing dina Qiyamat kang ing kono PanjenengaNe Allah karsa angumpulake wong-wong mau kabeh. Dhawuhing Allah: "He grombolaning jin, yekti sira kabeh ngakeh-akehake anggonira nyasarake manungsa". Wong-wong kang dadi rewange padha matur: "Dhuh Allah Pangeran sesembahan kita! Saweneh kita sampun sami among suka kaliyan sawenehipun, tuwin kita sampun dumugi pejah ingkang sampun Paduka tamtokaken dhumateng kita". Dhawuhing Allah: "Panggonanira iku Neraka, langgeng ana ing kono, kajaba manawa ana kaparenging karsaNe Allah". Sanyata Pangeran sesembahanira iku Maha Wicaksana sarta Maha Ngawuningani.

١٢٨- وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ جَمِيْعًا ۚ يٰمَعْشَرَ الْجِنِّ قَدِ اسْتَكْثَرْتُمْ مِّنَ الْاِنْسِ ۚ وَقَالَ اَوْلِيٰٓـُٔهُمْ مِّنَ الْاِنْسِ رَبَّنَا اسْتَمْتَعَ بَعْضُنَا بِبَعْضٍ وَّبَلَغْنَآ اَجَلَنَا الَّذِيْٓ اَجَّلْتَ لَنَا ۭ قَالَ النَّارُ مَثْوٰىكُمْ خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اِلَّا مَا شَاۗءَ اللّٰهُ ۭ اِنَّ رَبَّكَ حَكِيْمٌ عَلِيْمٌ ۝

Wa yauma yahsyuruhum jamii'ay yaa ma'syaral jinni qadistaktsartum minal insi waqaala auliyaa-uhum minal insi rabbanastamta'a ba'dhunaa bi ba'dhiw wabalaghnaa ajalanal ladzii ajjalta lanaa, qaalan naaru matswaakum khaalidiina fiihaa illaa maasyaa allaah, inna rabbaka hakiimun 'aliim.

129. Lan mangkono uga Ingsun wus andadekake sawenehe wong-wong kang padha nganiaya anguwasani marang sawenehe, minangka piwales marang dheweke, jalaran saka anggone padha tumindak laku dosa.

١٢٩- وَكَذٰلِكَ نُوَلِّيْ بَعْضَ الظّٰلِمِيْنَ بَعْضًۢا بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ۝ ع ١٥ ٢

Wa kadzaalika nuwallii ba'dha zhaalimiina ba'dham bimaa kaanuu yaksibuun.

Derajating manungsa iku sabab saka 'amale. 351)

351). Kawontenan sosial lan kabudayaning manungsa, sarta tingkahlaku (muna lan muni) wiwit jumedhul ing 'alam Donya dumugi Qiyamat benjing, manawi katiti priksa dening ilmu-ilmu hukum, sejarah, geografi, politik, ekonomi, psikologi, teologi, kedokteran, tehnik, filsafat, lan sanes-sanesipun, cetha sanget bilih ummat Manungsa makhluk ingkang dipun cipta dening Allah s.w.t. punika ageng sanget peranan lan tanggel jawabipun. Ilmu ingkang kathah sanget wau inceraning kawigatosanipun (focus stadies) tindak-tandukipun manungsa. Sanaosa ilmu-ilmu wau gadhah objek, lan orientasi sarta spesialisasi studi piyambak-piyambak ananging ilmu-ilmu wau gadhah sesambetan utawi sami dene ambetahaken, sacara langsung utawi boten langsung. Al Quraan mengetaken, ngrembakaning ilmu-ilmu wau supados tetep enget jejering manungsa, rasa, cipta, karya lan karsa punika kedah effisien lan konstrektif, makaten margining Shirathal-mustakim. Dene menggahing Agami ingkang baku manungsa punika 'AMALIPUN, liripun rasa, cipta, karya, lan karsa wau kedah adhedhasar taqwa ing Allah. Makaten para sutrisna kita mermanemaken ayat 130 dumugi 135 kasebat nginggil!

١٣٠- يٰمَعْشَرَ الْجِنِّ وَالْاِنْسِ اَلَمْ يَاْتِكُمْ رُسُلٌ مِّنْكُمْ يَقُصُّوْنَ عَلَيْكُمْ اٰيٰتِيْ وَيُنْذِرُوْنَكُمْ لِقَآءَ يَوْمِكُمْ هٰذَا ۭ قَالُوْا شَهِدْنَا عَلٰٓى اَنْفُسِنَا وَغَرَّتْهُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا وَشَهِدُوْا عَلٰٓى اَنْفُسِهِمْ اَنَّهُمْ كَانُوْا كٰفِرِيْنَ ۝

130. He grombolaning jin lan manungsa! Apa durung teka marang sira kabeh Utusaning Allah saka jinisira dhewe, kang anyaritakake marang sira kabeh anggonira bakal katemu dina Qiyamat iki?" Wong-wong mau padha munjuk atur: "Kita sampun sami anyekseni dhumateng kalepataning badan kita piyambak", lan dheweke wus padha kapusan dening panguripan donya, sarta dheweke padha anyekseni marang kasalahane awake dhewe, manawa sanyatane dheweke iku padha kafir.

Yaa ma'syaral jinni wal insi alam ya'tikum rusulum minkum yaqushshuuna 'alaikum aayaati wa yundziruunakum liqaa-a yaumikum haadzaa, qaaluu syahidnaa 'alaa anfusinaa wa gharrat humul hayaatud dun-yaa wa jaahiduu 'alaa anfusihim annahum kaanuu kaafiriin.

١٣١- ذٰلِكَ اَنْ لَّمْ يَكُنْ رَّبُّكَ مُهْلِكَ الْقُرٰى بِظُلْمٍ وَّاَهْلُهَا غٰفِلُوْنَ ۝

131. Kang mangkono iku, jalaran Pangerane sembahanira ora karsa ngrusak Negara kalawan nganiaya, kang mangka wong-wong kang manggon ing Negara mau padha ora mangerti.

Dzaalika allam yakun rabbuka muhlikal quraa bizhulmiw wa ahluhaa ghaafiluun.

١٣٢- وَلِكُلٍّ دَرَجٰتٌ مِّمَّا عَمِلُوْا ۭ وَمَا رَبُّكَ بِغَافِلٍ عَمَّا يَعْمَلُوْنَ ۝

132. Lan tumrap siji-sijining awak iku padha kaparingan pangkat dhewe-dhewe miturut 'amal kang wus padha ditindakake, dene Pangeran sesembahanira iku ora arsa kasupen ing barang kang padha ditindakake.

Walikullin darajaatummimmaa 'amiluu wamaa rabbuka bighaafilin 'ammaa ya' maluun.

١٣٣- وَرَبُّكَ الْغَنِيُّ ذُو الرَّحْمَةِ ۭ اِنْ يَّشَاْ يُذْهِبْكُمْ وَيَسْتَخْلِفْ مِنْۢ بَعْدِكُمْ مَّا يَشَاۗءُ كَمَآ اَنْشَاَكُمْ مِّنْ ذُرِّيَّةِ قَوْمٍ اٰخَرِيْنَ ۝

133. Lan Pangeran sesembahanira iku sugih sarta kagungan Rakhmat. PanjenengaNe arsa ngrusak sira kabeh, sapungkurira PanjenengaNe banjur anitahake ganti wong liyane miturut kaparenging karsaNe, kaya dene PanjenengaNe wus anitahake sira kabeh saka katurunane kaum golongan liya.

Wa rabbukal ghaniyyu dzur rahmah, in yasya' yudzhibkum wa yastakhlif mim ba'dikum maa yasyaa-u kamaa ansyaakum min dzurriyyati qaumin aakhariin.

١٣٤- اِنَّ مَا تُوْعَدُوْنَ لَاٰتٍ ۙ وَّمَآ اَنْتُمْ بِمُعْجِزِيْنَ ۝

134. Sanyata apa kang dijanjekake marang sira kabeh iku mesthi bakal kelakon, lan sira kabeh ora bisa nolak kelakone iku.

Inna maa tuu'aduuna la-aatiw wamaa antum bimu'jiziin.

135. Dhawuha sira Muhammad: "He kaumku! Sira padha tumindaka miturut apa kang sira antepi, sanyata aku uga tumindak apa kang dak antepi, sira kabeh bakal padha weruh dhewe, sapa ta kang bakal oleh kawusanan kang becik ana ing Akherat, sanyata wong-wong kang padha nganiaya iku ora padha begja".

١٣٥- قُلْ يٰقَوْمِ اعْمَلُوْا عَلٰى مَكَانَتِكُمْ اِنِّيْ عَامِلٌ ۚ فَسَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ۙ مَنْ تَكُوْنُ لَهٗ عَاقِبَةُ الدَّارِ ۭ اِنَّهٗ لَا يُفْلِحُ الظّٰلِمُوْنَ ۝

Qul yaa qaumi'maluu 'alaa makaanatikum innii 'aamilun fasaufa ta'lamuuna man takuunuu lahuu 'aaqibatud daar, innahuu laa yuflihuzh zhaalimuun.

Kaum musyrikin gawe-gawe tatanan ngemba-emba tatanan Agama.

136. Lan dheweke wong-wong musyrik iku padha gawe-gawe panduman kanggo Allah saka barang-barang titahing Allah, yaiku bageyan saka tetanduran lan raja kaya, dheweke padha ngucap kalawan panyana gawe-gawene: "Iki kagem Allah, dene iki kanggo brahala kita!" Temen barang kang kanggo brahalane iku ora tumeka marang Allah. Dene barang kang kanggo Allah iku, tumeka marang brahala-brahalane. Ala temen wong-wong musyrik iku anggone mutusi.

١٣٦- وَجَعَلُوْا لِلّٰهِ مِمَّا ذَرَاَ مِنَ الْحَرْثِ وَالْاَنْعَامِ نَصِيْبًا فَقَالُوْا هٰذَا لِلّٰهِ بِزَعْمِهِمْ وَهٰذَا لِشُرَكَآئِنَا ۚ فَمَا كَانَ لِشُرَكَآئِهِمْ فَلَا يَصِلُ اِلَى اللّٰهِ ۚ وَمَا كَانَ لِلّٰهِ فَهُوَ يَصِلُ اِلٰى شُرَكَآئِهِمْ ۭ سَآءَ مَا يَحْكُمُوْنَ ۝

Wa ja'aluu lillaahi mimmaa dzara-a minal hartsi wal an'aami nashiiban faqaaluu haadzaa lillaahi biza'mihim wa haadzaa lisyurakaa-inaa famaa kaana lisyurakaa-ihim falaa yashilu ilallaahi wamaa kaana lillaahi fahuwa yashilu ilaa syurakaa-ihim, saa-amaa yahkumuun.

137. Dening rekadayane para pemimpine Agama (syetane) wong-wong mau, akeh-akehe wong-wong musyrik iku padha duwe panganggep yen mateni anak-anake iku becik kang mangkono iku kanggo nyasarake dheweke, lan kanggo mblawurake Agamane wong-wong mau. Lan saupama ana kaparenging karsane Allah, yekti dheweke wong-wong musyrik ora padha nindakake tumindak iku. He Muhammad! Wong-wong mau tinggalen anggone padha gawe gegorohan.

١٣٧- وَكَذٰلِكَ زَيَّنَ لِكَثِيْرٍ مِّنَ الْمُشْرِكِيْنَ قَتْلَ اَوْلَادِهِمْ شُرَكَآؤُهُمْ لِيُرْدُوْهُمْ وَلِيَلْبِسُوْا عَلَيْهِمْ دِيْنَهُمْ ۭ وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ مَا فَعَلُوْهُ فَذَرْهُمْ وَمَا يَفْتَرُوْنَ ۝

Wa kadzaalika zayyanna likatsiirim minal musyrikiina qatla aulaadihim syurakaauhum liyurduuhum wa liyalbisuu 'alaihim diinahum, walau syaa-allaahu maa fa'aluuhu fadzarhum wamaa yaftaruun.

138. Lan dheweke padha ngucap: "Iki raja kaya lan tetanduran kang ndak keker, ora kena mangan iku kajaba mung tumrap wong kang dak karepake". Kang kaya mangkono iku panyana gawe-gawene wong-wong musyrik mau dhewe, lan pirang-pirang raja kaya kang dicegah ora kena ditunggangi, lan raja kaya kang disembelih ora nganggo nyebut asmaning Allah, sumeja gawe-gawe goroh

١٣٨- وَقَالُوْا هٰذِهٖٓ اَنْعَامٌ وَّحَرْثٌ حِجْرٌ ۖ لَّا يَطْعَمُهَآ اِلَّا مَنْ نَّشَآءُ بِزَعْمِهِمْ وَاَنْعَامٌ حُرِّمَتْ ظُهُوْرُهَا وَاَنْعَامٌ لَّا يَذْكُرُوْنَ اسْمَ اللّٰهِ عَلَيْهَا افْتِرَآءً عَلَيْهِ ۭ سَيَجْزِيْهِمْ بِمَا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ۝

marang ngarsaning Allah. PanjenengaNe arsa paring piwales marang wong-wong mau miturut anggone padha gawe-gawe gegorohan.[352]

Wa qaaluu haadzihii an'aamuw wa hartsun hijrul laa yath'amuhaa illaa man nasyaa-u biza'mihim wa an'aamun hurrimat zhuhuuruhaa wa an'aamun laa yadzkuruunallaahi 'alaihaftiraa-an 'alaih, sayajziihim bimaa kaanuu yaftaruun.

١٣٩ - وَقَالُوا مَا فِي بُطُونِ هَٰذِهِ الْأَنْعَامِ خَالِصَةٌ لِّذُكُورِنَا وَمُحَرَّمٌ عَلَىٰ أَزْوَاجِنَا ۖ وَإِن يَكُن مَّيْتَةً فَهُمْ فِيهِ شُرَكَاءُ ۚ سَيَجْزِيهِمْ وَصْفَهُمْ ۚ إِنَّهُ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ۝

139. Lan dheweke mau padha ngucap maneh: "Wetengane raja kaya iki mung bakal kapangan dening para wong lanang thok, ora kena babar pisan dipangan dening para wong wadon. Ananging manawa wetengane mau metu wus mati, mangka wong lanang lan wadon mau kena mangan bebarengan! Allah arsa paring piwales marang pranatan-pranatan kang digawe-gawe dening wong-wong musyrik mau, jalaran sanyata Allah iku Maha Wicaksana sarta Maha Ngawuningani.

Wa qaaluu maa fii buthuuni haadzihil an'aami khaalishatul lidzukuurinaa wa muharramun 'alaa azwaajinaa wa-iy yakum maitatan fahum fiihi syurakaa-u sayajziihim washfahum, innahuu hakiimun 'aliim.

١٤٠ - قَدْ خَسِرَ الَّذِينَ قَتَلُوا أَوْلَادَهُمْ سَفَهًا بِغَيْرِ عِلْمٍ وَحَرَّمُوا مَا رَزَقَهُمُ اللَّهُ افْتِرَاءً عَلَى اللَّهِ ۚ قَدْ ضَلُّوا وَمَا كَانُوا مُهْتَدِينَ ۝ ع ١٤

140. Temen padha kapitunan wong-wong kang padha mateni anak-anake kagawa saka bodhone, sarta tanpa kawruh, lan tuna wong-wong kang padha ngaramake rezeki kang wus diparingake dening Allah marang dheweke, sumeja gawe-gawe gegorohan marang ngarsaning Allah, yekti wong-wong mau wus padha kasasar sarta padha ora oleh pituduh.[353]

Qad khasiral ladziina qataluu aulaadahum safaham bighairi 'ilmin waharramuu maa razaqahumullaahuftiraa-an 'alallaahi qad dhalluu wamaa kaanuu muhtadiin.

١٤١ - وَهُوَ الَّذِي أَنشَأَ جَنَّاتٍ مَّعْرُوشَاتٍ وَغَيْرَ مَعْرُوشَاتٍ وَالنَّخْلَ وَالزَّرْعَ مُخْتَلِفًا أُكُلُهُ وَالزَّيْتُونَ وَالرُّمَّانَ مُتَشَابِهًا وَغَيْرَ مُتَشَابِهٍ ۚ كُلُوا مِن ثَمَرِهِ إِذَا أَثْمَرَ وَآتُوا حَقَّهُ يَوْمَ حَصَادِهِ ۖ وَلَا تُسْرِفُوا ۚ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الْمُسْرِفِينَ ۝

141. Lan PanjenengaNe Allah iku kang wus andamel kebon-kebon kang thethukulane padha mrambat, lan kang ora mrambat, wit kurma, tetanduran kang warna-warna rasane, zaitun, delima kang madha rupa, lan delima kang ora madha rupa; sira padha mangana saka woh-wohane wit mau manawa wus awoh, sarta padha menehna bageyan Zakate ana ing saben mangsa panene, lan sira aja

352). Kados makaten tetiyang musyrik damel tatanan ngemba-emba tatanan Agama ingkang murni, bares, rasionil lan universil, inggih punika Agama Islam. Dening tiyang musyrik dipun reka-daya kapitadosan-musyrik ingkang sarwa semrawut lan mbingungaken tiyang kathah wau nyuwun sajajar kaliyan Agama Islam (ingkang murni saking Allah). Pramila penetrasi (nyampur ing babagan kapitadosan utawi sinkretisme) saking pokalipun tiyang musyrik wau badhe awon sanget akibatipun wonten alaming pembangunan Nasional kita.

353). Wonten ing ayat no. 136 dumugi no. 141 dipun pratelakaken warni-warnining tatanan ingkang dipun damel-damel ing zaman Jahiliyah kina, upami mejahi lare, criyosipun nglestantunaken Nabi Ibrahim ngurbanaken putranipun Nabi Isma'il, taneman utawi hewan ingkang katamtokaken piyambak kagem asung dhahar para lelembat ingkang sering anggodha, kadosta brahala lelembat 'Uzza lan Lata, utawi hewan tumpakan ingkang khusus nami Bahirah lan Saibah boten kenging dipun tumpaki, lan s.p.
Para sutrisna, sampun kaget manawi ing zaman Jahiliyah modern ugi wonten!

padha leluwihan anggone padha mangan, jalaran PanjenengaNe Allah iku ora remen marang wong-wong kang padha leluwihan.

Wa huwal ladzii ansya-a jannaatim ma'-ruusyaatiw wa ghaira ma'ruusyaatiw wan nakhla wazzar'a mukhtalifan ukuluhuu wazzaituuna warrummaana mutasyaabihaw wa ghaira mutasyaabih, kuluu min tsamarihii idzaa atsmara wa aatuu haqqa huu yauma hashaadihii walaa tusrifuu, innahuu laa yuhibbul musrifiin.

142. Lan PanjenengaNe wus andamel saka raja kaya iku kanggo momotan barang-barang lan kanggo sembelihan. Sira padha mangana marang rezeki kang wus diparingake dening Allah marang sira kabeh, lan sira kabeh aja padha manut grubyuk tindak tanduke sye tan, jalaran sanyata syetan iku mungsuh kang nyata tumrap sira kabeh.

١٤٢- وَمِنَ الْأَنْعَامِ حَمُولَةً وَفَرْشًا ۚ كُلُوا مِمَّا رَزَقَكُمُ اللَّهُ وَلَا تَتَّبِعُوا خُطُوَاتِ الشَّيْطَانِ ۚ إِنَّهُ لَكُمْ عَدُوٌّ مُبِينٌ ۝

Wa minal an'aami hamuulataw wa farsyaa, kuluu mimmaa razaqa kumullaahu walaa tattabi'uu khuthuwaatisy syaithaan, innahuu lakum 'aduwwum mubiin.

143. Raja kaya kang kasebut iku cacahe ana wolu ajejodhohan, dadi patang jodho, wedhus gembel sajodho, wedhus kacangan sajodho, sira Muhammad pitakona: "Wedhus rong jodho iku endi ta kang diharamake dening Allah, kang lanang apa kang wadon, utawa apa kang ana sajeroning wetengane wedhus wadon loro iku? Mara coba sira kabeh padha ngabarana marang aku kalawan 'ilmu, yen ta nyata sira kabeh iku padha temen!"

١٤٣- ثَمَانِيَةَ أَزْوَاجٍ ۖ مِنَ الضَّأْنِ اثْنَيْنِ وَمِنَ الْمَعْزِ اثْنَيْنِ ۗ قُلْ آلذَّكَرَيْنِ حَرَّمَ أَمِ الْأُنْثَيَيْنِ أَمَّا اشْتَمَلَتْ عَلَيْهِ أَرْحَامُ الْأُنْثَيَيْنِ ۖ نَبِّئُونِي بِعِلْمٍ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ۝

Tsamaaniyata azwaajim minadh dha'-nits-naini wa minal ma'zits-naini, qul aadz-dzakaraini harrama amil untsayaini ammasy tamalat 'alaihi arhaamul untsa-yain, nabbi-uunii bi 'ilmin in kuntum shaadiqiin.

144. Lan raja kaya kang kasebut iku uga, yaiku onta sajodho, lan sapi sajodho. Sira Muhammad pitakona: "Kewan rong jodho iku endi kang diharamake dening Allah, kang lanang, apa kang wadon, utawa apa kang ana ing sajeroning wetengane kewan wadon kang loro iku? Utawa sira kabeh apa kang dadi saksi ing nalika Allah andhawuhake bab iki, marang para wong tuwanira kabeh?" Lan sapa wong kang luwih nganiaya marang awake dhewe ngungkuli wong kang gawe-gawe gegorohan karo Allah, saperlu arep nyasarake para manungsa tanpa kawruh. Sanyata Allah iku ora karsa nuduhake wong-wong kang padha nganiaya.

١٤٤- وَمِنَ الْإِبِلِ اثْنَيْنِ وَمِنَ الْبَقَرِ اثْنَيْنِ ۗ قُلْ آلذَّكَرَيْنِ حَرَّمَ أَمِ الْأُنْثَيَيْنِ أَمَّا اشْتَمَلَتْ عَلَيْهِ أَرْحَامُ الْأُنْثَيَيْنِ ۖ أَمْ كُنْتُمْ شُهَدَاءَ إِذْ وَصَّاكُمُ اللَّهُ بِهَٰذَا ۚ فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا لِيُضِلَّ النَّاسَ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ۝

Wa minal ibilits-naini wa minal baqarits nain, qul aadz-dzakaraini harrama 'amil untsayaini ammasy tamalat 'alaihi ar-haamul untsayaini, am kuntum syuha-daa-a idz washshaakumullaahu bihaadzaa faman azhlamu mimmaniftaraa 'alal-laahi kadzibal liyudhillan naasa bighairi 'ilm, innallaaha laa yahdil qaumazh zhaalimiin.

145. Dhawuha sira Muhammad: "Aku ora nemu panganan kang haram, ana ing Kitab kang wus diwahyokake marang aku tumrap wong kang arep mangan iku, kajaba mung bangke, getih mili, daging babi, jalaran daging babi iku pangan kang jember, utawa daginge kewan kang disembelih ora nganggo nyebut asmane Allah. Mangka sing sapa kapeksa mangan iku, ora kalawan anjarag utawa ora ngliwati wates, sanyata Pangeran sesembahanira iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٤٥- قُلْ لَّآ أَجِدُ فِي مَآ أُوحِيَ إِلَيَّ مُحَرَّمًا عَلَىٰ طَاعِمٍ يَطْعَمُهُۥٓ
إِلَّآ أَن يَكُونَ مَيْتَةً أَوْ دَمًا مَّسْفُوحًا أَوْ لَحْمَ خِنزِيرٍ
فَإِنَّهُۥ رِجْسٌ أَوْ فِسْقًا أُهِلَّ لِغَيْرِ ٱللَّهِ بِهِۦ فَمَنِ ٱضْطُرَّ
غَيْرَ بَاغٍ وَلَا عَادٍ فَإِنَّ رَبَّكَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Qul laa ajidu fii maa uuhiya ilayya muharraman 'alaa thaa'imiy yath'amuhuu illaa ay-yakuuna maitatan au damam masfuuhan au lahma khinziirin fa-innahuu rijsun au fisqan uhilla lighairillaahi bihii famanidh-thurra ghaira baaghiw walaa 'aadin fa-inna rabbaka ghafuurur rahiim.

146. Lan tumrape wong-wong Yahudi, Ingsun wus ngaramake saben-saben kewan kang anduweni kuku, saka sapi, lan wedhus, Ingsun ngaramake marang wong-wong mau gajihe, kajaba kang ana ing geger-gegere, jerohan lan usus-ususe, utawa gajih kang tumempel ing balung. Kang mangkono iku, minangka paukumanIngsun marang wong-wong mau, jalaran anggone padha nganiaya, lan sanyata Ingsun iku yekti luwih temen.

١٤٦- وَعَلَى ٱلَّذِينَ هَادُوا۟ حَرَّمْنَا كُلَّ ذِى ظُفُرٍ ۖ وَمِنَ
ٱلْبَقَرِ وَٱلْغَنَمِ حَرَّمْنَا عَلَيْهِمْ شُحُومَهُمَآ إِلَّا مَا
حَمَلَتْ ظُهُورُهُمَآ أَوِ ٱلْحَوَايَآ أَوْ مَا ٱخْتَلَطَ بِعَظْمٍ ۚ ذَٰلِكَ
جَزَيْنَٰهُم بِبَغْيِهِمْ ۖ وَإِنَّا لَصَٰدِقُونَ ۝

Wa 'alal ladziina haaduu harramnaa kulla dzii zhufuriw waminal baqari wal ghanami harramnaa 'alaihim syuhuumahumaa illaa maa hamalat zhuhuuru humaa awil hawaayaa au makhtalatha bi'azhmin, dzaalika jazainaahum bibaghyiyihim, wa innaa lashaadiquun.

147. Jalaran saka iku manawa wong-wong mau padha anggorohake marang sira, mangka sira dhawuha: "Allah Pangeran sesembahanira iku kang kagungan Rahmat kang jembar, lan siksaning Allah iku ora bakal bisa disingkirake saka wong-wong kang padha tumindak laku dosa".

١٤٧- فَإِن كَذَّبُوكَ فَقُل رَّبُّكُمْ ذُو رَحْمَةٍ وَٰسِعَةٍ ۖ وَلَا
يُرَدُّ بَأْسُهُۥ عَنِ ٱلْقَوْمِ ٱلْمُجْرِمِينَ ۝

Fa-in kadzdzabuuka faqul rabbukum dzuu rahmatiw waasi'atiw walaa yuraddu ba'suhuu 'anil qaumil mujrimiin.

148. Wong-wong kang padha musyrik iku bakal padha ngucap: "Manawa dikarsakake dening Allah, yekti kita lan para leluhur kita ora padha nyakuthokake ing Allah, lan kita ora arep ngaramake apa-apa". Mangkono uga wong-wong kuna biyen, uga wus padha maido, kongsi dheweke iku padha ngrasakake siksanIngsun. Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira kabeh padha anduweni kawruh katerangan kang sira kabeh bisa anggelarake

١٤٨- سَيَقُولُ ٱلَّذِينَ أَشْرَكُوا۟ لَوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَآ أَشْرَكْنَا وَلَآ
ءَابَآؤُنَا وَلَا حَرَّمْنَا مِن شَىْءٍ ۚ كَذَٰلِكَ كَذَّبَ ٱلَّذِينَ
مِن قَبْلِهِمْ حَتَّىٰ ذَاقُوا۟ بَأْسَنَا ۗ قُلْ هَلْ عِندَكُم
مِّنْ عِلْمٍ فَتُخْرِجُوهُ لَنَآ ۖ إِن تَتَّبِعُونَ إِلَّا ٱلظَّنَّ وَ
إِنْ أَنتُمْ إِلَّا تَخْرُصُونَ ۝

marang aku? Sira ora padha nganut kajaba mung marang panyana gawe-gawenira dhewe, lan ora liya, sira kabeh iku kajaba mung padha gegorohan".

Sayaquulul ladziina asyrakuu lau syaa-allaahu maa asyraknaa walaa aabaa-unaa walaa harramnaa min syai-in, kadzaalika hadzdzabal ladziina min qablihim hattaa dzaaquu ba'sanaa, qul hal 'indakum min 'ilmin fatukhrijuuhu lanaa, in tattabi'uuna illazh-zhanna wa in antum illaa takhrushuun.

149. Dhawuha sira Muhammad: "Mung Kagunganing Allah pribadi katerangan kang nyata iku. Manawa PanjenengaNe Allah iku karsa, yekti PanjenengaNe anuduhake ing sira kabeh!"

١٤٩- قُلْ فَلِلّٰهِ الْحُجَّةُ الْبَالِغَةُ ۚ فَلَوْ شَآءَ لَهَدٰىكُمْ أَجْمَعِيْنَ ۝

Qul falillaahil hujjatul baalighatu falau syaa-a lahadaakum ajma'iin.

150. Dhawuha sira Muhammad: "Mara sira kabeh padha nekakna saksi-saksinira kang kang nyekseni manawa Allah iku ngaramake iki!" Mangka manawa dheweke padha gelem nyekseni, sira dhewe aja kongsi gelem nyekseni karo wong-wong iku. Lan sira aja manut hawa nafsune wong-wong kang padha anggorohake marang Ayat-AyatIngsun, lan aja nganut marang wong-wong kang ora padha iman bab bakal anane dina Akherat, sarta dheweke padha nyakuthokake marang Pangeran sesembahane.

١٥٠- قُلْ هَلُمَّ شُهَدَآءَكُمُ الَّذِيْنَ يَشْهَدُوْنَ أَنَّ اللّٰهَ حَرَّمَ هٰذَا ۚ فَإِنْ شَهِدُوْا فَلَا تَشْهَدْ مَعَهُمْ ۚ وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَآءَ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا وَالَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ وَهُمْ بِرَبِّهِمْ يَعْدِلُوْنَ ۝

Qul halumma syuhadaa-akumul ladziina yasyhaduuna annallaaha harrama haadzaa fa-in syahiduu falaa tasyhad ma'ahum walaa tattabi' ahwaa-al ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa walladziina laa yu'minuuna bil aakhirati wahum birabbihim ya'diluun.

151. Dhawuha sira Muhammad: "Sira kabeh padha mrenea, arep ndak wacakake barang-barang kang diharamake dening Pangeran sesembahanira marang sira kabeh, yaiku supaya sira aja nyakuthokake Allah kalawan sawijining barang, lan supaya sira padha agawe becik marang wong tuwanira loro, lan sira aja padha mateni anak-anakira mung jalaran sumelang karupekan, jalaran Ingsun pribadi kang maringi rezeki marang sira kabeh, lan marang anakira iku. Lan sira aja padha nindakake laku dosa, kang katon lan kang ora katon. Lan sira aja padha mateni uwong kang diharamake dening Allah, kajaba kalawan dalan kang bener. Mangkono iku dhawuhing Allah marang sira kabeh, supaya sira kabeh padha mangerti.

١٥١- قُلْ تَعَالَوْا أَتْلُ مَا حَرَّمَ رَبُّكُمْ عَلَيْكُمْ ۖ أَلَّا تُشْرِكُوْا بِهٖ شَيْئًا ۖ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا ۚ وَلَا تَقْتُلُوْٓا أَوْلَادَكُمْ مِّنْ إِمْلَاقٍ ۖ نَّحْنُ نَرْزُقُكُمْ وَإِيَّاهُمْ ۚ وَلَا تَقْرَبُوا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ ۚ وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ الَّتِيْ حَرَّمَ اللّٰهُ إِلَّا بِالْحَقِّ ۚ ذٰلِكُمْ وَصّٰىكُمْ بِهٖ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۝

Qul ta'aalau atlu maa harrama rabbukum 'alaikum allaa tusyrikuu bihii syai-aw wabil waalidaini ihsaanaa, walaa tatuluu aulaadakum min imlaaq, nahnu narzuqukum wa iyyaahum walaa taqrabul fawaahisya maa zhahara minhaa wamaa bathan, walaa taqtulun nafsal latii harramallaahu illaa bilhaqq, dzaalikum washshaakum bihii la'allakum ta'qiluun.

Sadasa dhawuh lan pepacuh!

152. Lan maneh sira aja padha ngedohi marang bandhane bocah yatim kajaba sarana dalan kang becik banget, nganti tumeka ndungkap diwasane, lan padha netepana taker lan traju sarana bener. Ingsun ora merdi-merdi sawijining awak kajaba sakuwate. Dene manawa sira padha ngucap, becik sing bener, sanadyan tumrap brayatira dhewe, sarta padha nuhonana ing janjining Allah. Kang mangkono iku diwasiyatake (didhawuhake) marang sira, supaya sira kabeh padha tansah eling.[354]

١٥٢- وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ
أَشُدَّهُ ۚ وَأَوْفُوا الْكَيْلَ وَالْمِيزَانَ بِالْقِسْطِ ۖ لَا نُكَلِّفُ
نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا ۖ وَإِذَا قُلْتُمْ فَاعْدِلُوا وَلَوْ كَانَ ذَا
قُرْبَىٰ ۖ وَبِعَهْدِ اللَّهِ أَوْفُوا ۚ ذَٰلِكُمْ وَصَّاكُم بِهِ لَعَلَّكُمْ
تَذَكَّرُونَ ۝

Walaa taqrabuu maalal yatiimi illaa billatii hiya ahsanu hattaa yablugha asyuddahuu wa-aufuu kaila wal miizaana bil qisthi laa nukallifu nafsan illaa wus'ahaa, wa idzaa qultum fa'diluu walau kaana dzaa qurbaa wa bi'ahdillaahi aufuu dzaalikum washshaakum bihii la'allakum tadzakkaruun.

153. Lan sanyata iki Al Quraan dedalan Agamaningsun kang bener, mulane padha nuruta! Lan aja padha manut pirang-pirang dedalan (Agama) mundhak angglewangake (misahake) sira kabeh saka Agamaning Allah. Kang mangkono iku Pangeran wasiyat marang sira kabeh, supaya sira kabeh padha rumeksa, taqwa ing Allah.[355]

١٥٣- وَأَنَّ هَٰذَا صِرَاطِي مُسْتَقِيمًا فَاتَّبِعُوهُ ۖ وَلَا تَتَّبِعُوا
السُّبُلَ فَتَفَرَّقَ بِكُمْ عَن سَبِيلِهِ ۚ ذَٰلِكُمْ وَصَّاكُم بِهِ
لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ۝

Wa anna haadzaa shiraathii mustaqiiman tattabi'uuhu walaa tattabi'us subula fatafarraqa bikum 'an sabiilih, dzaalikum washshaakum bihii la'allakum tattaquun.

---

354). Punika ayat ndhawuhaken tindak jujur tuwin 'adil. Pancen tindak kakalih punika wigatos sanget wonten ing samukawisipun, punapa malih ing zaman Pembangunan Bangsa (Nation and Character building). Adil inggih punika nglenggahaken barang utawi prakawis, sumeleh wonten ing papanipun. Kosokwangsulipun dhalim (nganiaya) punika dedeleh ingkang boten mapan, utawi andhawahaken hukum boten leres!

355). Ayat tetiga 151, 152, lan 153 punika manawi kagembleng, mengku dhawuh tuwin papacuh sadasa prakawis (ten commandments) 1. ndhawuhaken damel sae sarta bekti dhumateng tiyang sepuh kalih, 2. kedah tumindak jujur, anetepi taker lan traju ingkang jejeg, 3. 'adil ing wicanten, tegesipun kajawi wicanten wau pancen leres, ugi boten ndadak mawi dipun bumboni lagak lagu ingkang saged nambahi utawi nyuda leres (suraos), 4. tuhu ing janji, 5. anggondheli Al Quraan lan ndherek tindakipun Kanjeng Nabi s.a.w. 6. ngawisi musyrik ing Allah, 7. haram mejahi anak sebab kuwatos miskin utawi wirang, 8. haram nindakaken dosa ageng, zina lan sanes-sanesipun, 9. haram mejahi tiyang tanpa dosa, 10. haram nedha bandhanipun lare yatim.

Dhawuh anggondheli Al Quraan lan ndherek Kanjeng Nabi s.a.w. mengku suraos makaten: kita tiyang Islam kedah gegondhelan yektos dhateng Al Quraan, sarta nulad tindakipun Kanjeng Nabi wau. Dados sampun ngantos gegondhelan Kitab sanes, mindhak kita sami kesasar, lajeng sami dredah, pepisahan ing politik, punapa babagan ekonomi, punapa rebatan kursi-kalenggahan, punika badhe nuwuhaken situasi kontrang-kantringan boten kanten-kantenan, lan nuwuhaken dedukaning Allah; lajeng ummat Islam dados ringkih lan ical perbawanipun. Manawi ummat Islam saged guyub-rukun punika ateges kita ngetrepi tuntunanipun Kanjeng Nabi s.a.w. Kosok wangsulipun samanten agengipun pangancaming Allah dhumateng kita ingkang kadhangkala taksih remen pepecahan lan gegesehan, dhuh para maos Muslimin sadaya engeta!

154. Tumuli Ingsun maringi Kitab marang Nabi Musa kanggo nyampurnakake peparing-Ingsun tumrap wong kang gelem nindakake amal shaleh, lan kang anerangake ing saka-behing perkara, apa dene dadi pituduh sarta rahmat, supaya wong-wong iku padha iman, anggone bakal sowan ana ing ngarsaning Pangeran sesembahane.

١٥٤- ثُمَّ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ تَمَامًا عَلَى الَّذِيْٓ اَحْسَنَ وَ
تَفْصِيْلًا لِّكُلِّ شَيْءٍ وَّ هُدًى وَّ رَحْمَةً لَّعَلَّهُمْ بِلِقَآءِ
رَبِّهِمْ يُؤْمِنُوْنَ ع ١٩

Tsumma aatainaa muusal kitaaba tamaaman 'alal ladzii ahsana wa tafshiilal likulli syai-iw wahudaw wa rahmatal la'allahum biliqaa-i rahhihim yu'minuun.

155. Lan iki sawijining Kitab kang wus Ingsun turunake kang binerkahan, jalaran saka iku, sira kabeh padha manuta marang Kitab mau, sarta padha wedia (rumeksaa) ing Allah supaya sira kabeh padha diparingi rakhmat.

١٥٥- وَهٰذَا كِتٰبٌ اَنْزَلْنٰهُ مُبٰرَكٌ فَاتَّبِعُوْهُ وَاتَّقُوْا لَعَلَّكُمْ
تُرْحَمُوْنَ ۙ

Wa haadzaa kitaabun anzalnaahu mubaarakun fattabi'uuhu wattaquu la'allakum turhamuun.

156. Dene Ingsun anurunake Al Quraan iki supaya sira kabeh aja kongsi padha angucap: "Mesthine kang dituruni Kitab iku harak mung rong golongan, yaiku Yahudi lan Nasrani, dhek jaman biyen, lan sajatine anggone dheweke padha maca 356) kita ora anggatekake."

١٥٦- اَنْ تَقُوْلُوْٓا اِنَّمَآ اُنْزِلَ الْكِتٰبُ عَلٰى طَآئِفَتَيْنِ مِنْ
قَبْلِنَا ۪ وَاِنْ كُنَّا عَنْ دِرَاسَتِهِمْ لَغٰفِلِيْنَ ۙ

An taquuluu innamaa unzilal kitaabu 'alaa thaa-ifataini min qablinaa wa-in kunnaa 'an diraasatihim laghaafiliin.

157. Utawa supaya sira kabeh aja kongsi angucap umuk: "Saupama Kitab iku diturunake marang kita, yekti kita bakal luwih anggone oleh pituduh, ngungkuli wong-wong mau". Ing mangka sajatine saiki wus teka marang sira kabeh tandha yekti kang terang tarwaca saka Pangeran sesembahanira, lan minangka pituduh sarta dadi rakhmat. Jalaran saka iku, sapa ta kang luwih nganiaya, ngungkuli wong kang anggorohake ayat-ayate Allah?, lan malengos saka tandha yekti mau? Ingsun arsa males marang wong-wong kang padha malengos saka ayat-ayatIngsun, kalawan ala-alaning siksa, jalaran anggone padha malengos.

١٥٧- اَوْ تَقُوْلُوْا لَوْ اَنَّآ اُنْزِلَ عَلَيْنَا الْكِتٰبُ لَكُنَّآ اَهْدٰى
مِنْهُمْ ۚ فَقَدْ جَآءَكُمْ بَيِّنَةٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَهُدًى وَّ
رَحْمَةٌ ۚ فَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنْ كَذَّبَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ وَصَدَفَ
عَنْهَا ۭ سَنَجْزِي الَّذِيْنَ يَصْدِفُوْنَ عَنْ اٰيٰتِنَا سُوْٓءَ
الْعَذَابِ بِمَا كَانُوْا يَصْدِفُوْنَ ۝

Au taquuluu lau annaa unzila 'alainal kitaabu lakunnaa ahdaa minhum, faqad jaa-akum bayyinatum mir rabbikum wa hudaw warahmah, faman azhlamu mimman kadzdzaba bi aayaatillaahi wa shadafa 'anhaa, sanajzil ladziina yashdifuuna 'an aayaatinaa suu-al 'adzaabi bimaa kaanuu yashdifuun.

356). Tumuruning Al Quraan punika sarana basa Arab, ingkang supados tetiyang musyrik Mekkah saged maos piyambak, sebab Kitab Taurat lan Injil punika basa Ibrani, ingkang piyambakipun boten saged maos.

158. Wong-wong mau padha angenteni, ora liya mung ngenteni rawuhing Malaikat, utawa tekane siksa saka Pangeranira, utawa iya tekane saweneh ayat tandha yekti dina Qiyamat utawa pati. Ana ing dina tekane sawenehing ayat tandha yektining Pangeranira, yaiku imane wong-wong mau ora bisa manfa'ati marang awake, kang maune ora padha gelem iman, utawa ora gelem nindakake laku becik ing nalika iman iku. Dhawuha sira Muhammad: "Sira kabeh dipadha nyrantekna, sanyata Ingsun uga nyrantekake".

١٥٨- هَلْ يَنْظُرُوْنَ اِلَّآ اَنْ تَاْتِيَهُمُ الْمَلٰٓئِكَةُ اَوْ يَاْتِيَ رَبُّكَ اَوْ يَاْتِيَ بَعْضُ اٰيٰتِ رَبِّكَ ۗ يَوْمَ يَاْتِيْ بَعْضُ اٰيٰتِ رَبِّكَ لَا يَنْفَعُ نَفْسًا اِيْمَانُهَا لَمْ تَكُنْ اٰمَنَتْ مِنْ قَبْلُ اَوْ كَسَبَتْ فِيْٓ اِيْمَانِهَا خَيْرًا ۗ قُلِ انْتَظِرُوْٓا اِنَّا مُنْتَظِرُوْنَ ۝

Hal yanzhuruuna illaa anta'tiyahumul malaa-ikatu au ya'tiya rabbuka au ya'tiya ba'dhu aayaati rabbika laa yanfa'u nafsan iimaanuhaa lam takun aamanat min qablu au kasabat fii iimaanihaa khairaa, qulintazhiruu innaa muntazhiruun.

159. Sanyata wong-wong kang padha merang-merang Agamane, lan banjur dadi sapirang-pirang golongane,[357] sira iku ora kalebu golongane wong-wong mau. Sajatine perkarane wong-wong mau bakal bali ana ing ngarsane Allah, tumuli PanjenengaNe karsa anjlentrehake marang wong-wong mau, amal apa wae kang wus padha ditindakake.

١٥٩- اِنَّ الَّذِيْنَ فَرَّقُوْا دِيْنَهُمْ وَكَانُوْا شِيَعًا لَّسْتَ مِنْهُمْ فِيْ شَيْءٍ ۗ اِنَّمَآ اَمْرُهُمْ اِلَى اللّٰهِ ثُمَّ يُنَبِّئُهُمْ بِمَا كَانُوْا يَفْعَلُوْنَ ۝

Innal ladziina farraquu diinahum wa kaanuu syiya'al lasta minhum fii syai', innamaa amruhum ilallaahi tsumma yunabbi-uhum bimaa kaanuu yaf'aluun.

160. Sapa wonge kang anindakake kabecikan, dheweke bakal nampa piwalesing kabecikane iku tikel sepuluhe, dene sapa wonge kang anindakake laku ala, iku ora bakal diwales kajaba mung satimbang karo laku ala kang wus ditindakake, sarta dheweke ora bakal padha dikaniaya.

١٦٠- مَنْ جَآءَ بِالْحَسَنَةِ فَلَهٗ عَشْرُ اَمْثَالِهَا ۚ وَمَنْ جَآءَ بِالسَّيِّئَةِ فَلَا يُجْزٰٓى اِلَّا مِثْلَهَا وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ۝

Man jaa-a bil hasanati falahuu 'asyru amtsaalihaa waman jaa-a bis sayyi-ati falaa yujziya illaa mitslahaa wahum laa yuzhlamuun.

161. Dhawuha sira Muhammad: "Satemene aku wus dituduhake dening Pangeran sesembahanku marang dedalan kang jejeg, Agama kang bener, yaiku Agamane heyang Nabi Ibrahim kang condhong marang kabeneran, awit PanjenengaNe iku dudu golongane wong-wong kang padha musyrik".

١٦١- قُلْ اِنَّنِيْ هَدٰىنِيْ رَبِّيْٓ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۚ دِيْنًا قِيَمًا مِّلَّةَ اِبْرٰهِيْمَ حَنِيْفًا ۚ وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۝

Qul innanii hadaanii rabbii ilaa shiraathim mustaqiim, diinan qiyamam millata ibraahiima haniifaw wamaa kaana minal musyrikiin.

357). Inggih punika golongan-golongan ingkang fanatik sanget dhateng Pemimpinipun (kultus individu).

162. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata Shalatku, lan 'ibadahku, 358) sarta pati uripku, iku mung ndak pasrahake marang Allah Pangeraning 'alam sakalir.

١٦٢- قُلْ إِنَّ صَلَاتِي وَنُسُكِي وَمَحْيَايَ وَمَمَاتِي لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Qul inna shalaatii wanusuqii wa mahyaaya wa mamaatii lillaahi rabbil 'aalamiin.

163. Ora ana kang nartani marang PanjenenegaNe, dene aku didhawuhi mangkono iku dening Allah, aku dadi wiwitane wong-wong kang padha sumarah".

١٦٣- لَا شَرِيكَ لَهُ وَبِذَٰلِكَ أُمِرْتُ وَأَنَا أَوَّلُ الْمُسْلِمِينَ ۝

Laa syariika lahuu wabidzaalika umirtu wa ana awwalul muslimiin.

164. Dhawuha sira Muhammad: "Apa ta pantes aku ngupaya Pangeran sesembahan saliyane Allah? Mangka PanjenengaNe Allah iku Pangeran sesembahane barang sakalir. Lan saben awak iku ora anindakake ala, kajaba piwales tindake iku tumiba marang awake dhewe. Lan ora ana wong kang nandhang dosa iku bisa nanggung dosaning liyan, tumuli marang ngarsaning Pangeran sesembahanira kabeh, sira bakal disowanake. Banjur PanjenengaNe arsa anjalentrehake marang sira kabeh, ana ing perkara kang padha sira pasulayakake."

١٦٤- قُلْ أَغَيْرَ اللَّهِ أَبْغِي رَبًّا وَهُوَ رَبُّ كُلِّ شَيْءٍ وَلَا تَكْسِبُ كُلُّ نَفْسٍ إِلَّا عَلَيْهَا وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُم مَّرْجِعُكُمْ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ۝

Qul aghairallaahi abghii rabbaw wahuwa rabbu kulli syai', walaa taksibuu kullu nafsin illaa 'alaihaa walaa tziru waaziratuw wizra ukhraa tsumma ilaa rabbikum marji'ukum fayunabbi-ukum bimaa kuntum fiihi takhtalifuun.

---

358). **'Ibadah** punika maknanipun ngumawula utawi manembah. Tegesipun inggih punika sumungkem ta'luk, tundhuk, dhedhepe sarta ngegungaken lan ngluhuraken, ingkang dipun kantheni raos ajrih ing walat utawi pangajeng-ajeng ing berkah lan sawab saking ngarsaning Allah s.w.t. 'Ibadah wau ingkang kagungan hak dipun 'ibadahi namung Allah piyambak, dene ingkang kuwajiban nindakaken sadaya titah langkung-langkung para manungsa. 'Ibadah punika ingkang baku wonten sekawan: Shalat, Zakat, Shiyam, lan Hajji. Sekawan wau wonten ingkang 'ibadah mahdlah (murni lan lugu), tegesipun boten saged kacetha menggah hikmah utawi faedahipun wonten ing lahir, artosipun namung salugu sesambetanipun manungsa kaliyan Pangeran piyambak, boten ngengingi dhumateng sanesipun. Inggih punika sesambetanipun jiwa utawi sukma kaliyan Allah Gusti Pepundhenipun, kadosta Shalat lan Shiyam. Ananging wonten ingkang saged kacetha terang faedahipun, kadosta Zakat, inggih punika ateges tetulung ing sasami utawi adamel saening gesang masyarakat.

Saking ingkang baku wau lajeng tuwuh warni-warnining 'ibadah ingkang minangka dados pangipun, upami saking Shalat, lajeng tuwuh ndedonga, memuji, dzikir lan tafakkur sapiturutipun. Lan saking Zakat, tuwuh 'ibadah Qurban, Sidqah (sedhekah), dedana, weweweh lan tetulung sasaminipun. Lan saking Shiyam, tuwuh wira'i, sumingkir saking ingkang nama lelangkungan lan nebihi lelahan, pepabenan lan sapanunggilanipun ingkang bangsa nenarik dhateng untabing nafsu syahwat utawi ghadlab (muring). Lan saking Hajji, tuwuh 'ibadah labuh ing Agamining Allah, kadosta Da'wah ing transmigrasi utawi masyarakat ingkang celak wana, Amar ma'ruf nahi munkar wonten madyaning masyarakat ingkang atheis, utawi pergaulan ugal-ugalan sarta maksiyatan! Ingkang gawat malih inggih punika nasehat dhumateng panguwaos ingkang boten adil, ngengetaken pedagang ingkang malsu takeran, ambrantas manipulator, penylundhup sapiturutipun!

Punapa inggih para sutrisna, 'Ibadah punika dumugi samanten? Inggih, panci kasinggihan bilih sadaya tindak tanduk, muna lan muni kita sadaya punika manawi adhedhasar taqwa ing Allah, insya Allah Pangeran badhe paring pitedah lan pitulung, sarta pinaringan ganjaran ingkang agung saking Sih Berkahing Allah ingkang Maha Agung!

١٦٥- وَهُوَ الَّذِي جَعَلَكُمْ خَلٰٓئِفَ الْأَرْضِ وَرَفَعَ بَعْضَكُمْ
فَوْقَ بَعْضٍ دَرَجٰتٍ لِّيَبْلُوَكُمْ فِي مَآ اٰتٰىكُمْ ۗ إِنَّ رَبَّكَ
سَرِيعُ الْعِقَابِ ۖ وَإِنَّهُۥ لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Wahuwal ladzii ja'alakum khalaa-ifal ardhi warafa'a ba'dhakum fauqa ba'dhin darajaatin liyabluwakum fiimaa aataakum, inna rabbaka sarii'ul 'iqaabi wa innahuu laghafuurur rahiim.

165. Lan PanjenengaNe iku kang andamel sira kabeh dadi para khalifah (sesulih) ana ing Bumi, lan kang angluhurake pangkate sawenehira ngungkuli marang sawenehe, saperlu kanggo anyoba ing sira kabeh, bab anggone Allah wus peparing barang marang sira kabeh. Sanyata Allah Pangeran sesembahanira iku rikat banget panyiksane, lan satemene PanjenengaNe iku Maha Ngapura tur Maha Asih.

***). Menggah panutuping katerangan ing antawisipun Surat Al An 'Aam kaliyan Surat Al A'raaf ingkang dados pasinaos tandhingan (comparative study) ingkang wigatos makaten:
1. Kakalih Surat Al An 'Aam lan Surat Al A'raaf kalebet Surat Pitu ingkang panjang utawi kawastanan **Assab'ath thiwaal**, lan kakalihipun sami anerangaken **'Aqidah Agama.**
2. Ayat ingkang pungkasan ing Surat Al An 'Aam anerangaken bilih Gusti Allah nitahaken manungsa anglenggahi dados **Khalifah** ing Bumi, saweneh langkung inggil tanggel jawab lan kasagedanipun, dene ayat kawitan ing Surat Al A'raaf nyebataken tumitahing Nabi Adam a.s. lan putra wayahipun, ugi kasebat jejering manungsa dados Khalifah ing Bumi.
3. Salebeting Surat Al An'aam anyebataken asal usul kadadosanipun manungsa saking lebu, lan wonten generasi manungsa ingkang dipun sirnakaken dening Allah SWT' manawi ing Surat Al A'raaf anjlentrehaken punapa ingkang dereng kasebat kateranganipun ing Surat Al An'aam.

AL A'RAAF (BENTENG DHUWUR)

Surat kaping 7 : 206 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, tumurun sawuse Surat Shaad, kajaba ayat 163 tumeka pungkasane ayat 170 tumurun ana ing Madinah

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Aliif, Laam, Miim, Shaad. (Hamung Allah piyambak kang priksa maksude).

١ - الٓمٓصٓ ۝

Alif Laam Miim Shaad.

2. Iki sawijining Kitab kang diturunake marang sira Muhammad! Mula saka iku, aja kongsi atinira rupak sabab saka tumurune Kitab iku, yaiku supaya Kitab mau sira anggo memedeni, lan minangka dadi pepeling marang wong-wong kang padha iman.

٢ - كِتٰبٌ اُنْزِلَ اِلَيْكَ فَلَا يَكُنْ فِيْ صَدْرِكَ حَرَجٌ مِّنْهُ لِتُنْذِرَ بِهٖ وَذِكْرٰى لِلْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Kitaabun unzila ilaika falaa yakun fii shadrika harajum minhu litundzira bihii wa dzikraa lilmu'miniin.

3. He para manungsa! Sira padha andhereka ing apa kang wus diturunake marang sira kabeh saka ngarsaning Pangeran sesembahanira, lan sira aja padha manut miturut kekasih-kekasih saliyane Allah, ananging kok sathithik banget anggonira padha eling?

٣ - اِتَّبِعُوْا مَآ اُنْزِلَ اِلَيْكُمْ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَلَا تَتَّبِعُوْا مِنْ دُوْنِهٖٓ اَوْلِيَآءَ ۭ قَلِيْلًا مَّا تَذَكَّرُوْنَ ۝

Ittabi'uu maa unzila ilaikum mir rabbikum walaa tattabi'uu min duunihii auliyaa-a, qaliilam maa tadzakkaruun.

4. Lan wus akeh Negara kang Ingsun sirnakake, yaiku sarana tekane siksaIngsun marang Negara mau ing wayah bengi, utawa nalikane wong-wong mau pinuju padha turu ing wektu rina.

٤ - وَكَمْ مِّنْ قَرْيَةٍ اَهْلَكْنٰهَا فَجَاۗءَهَا بَاْسُنَا بَيَاتًا اَوْهُمْ قَاۗىِٕلُوْنَ ۝

Wakam min qaryatin ahlaknaahaa fajaaahaa ba'sunaa bayaatan au hum qaailuun.

5. Ora ana maneh sesambate wong-wong mau nalika siksaIngsun nempuh marang dheweke, kajaba mung padha mupus: "Sayektosipun kita sadaya punika pancen sami nganiaya".

٥ - فَمَا كَانَ دَعْوٰىهُمْ إِذْ جَآءَهُمْ بَأْسُنَآ إِلَّآ أَن قَالُوٓا إِنَّا كُنَّا ظٰلِمِينَ ٥

Famaa kaana da'waahum idz jaa-ahum ba'sunaa illaa an qaaluu innaa kunnaa zhaalimiin.

6. Mangka sayekti Ingsun arsa andangu para Rasul kang diutus marang wong-wong iku, lan sanyata Ingsun arsa andangu para Rasul mau.

٦ - فَلَنَسْـَٔلَنَّ ٱلَّذِينَ أُرْسِلَ إِلَيْهِمْ وَلَنَسْـَٔلَنَّ ٱلْمُرْسَلِينَ ٦

Fala nas-alannal ladziina ursila ilaihim wala nas-alannal mursaliin.

7. Tumuli sanyatane Ingsun arsa anerangake marang para Rasul iku kalawan 'ilmu-Ingsun, jalaran ora pisan-pisan Ingsun kakilapan.

٧ - فَلَنَقُصَّنَّ عَلَيْهِم بِعِلْمٍ وَمَا كُنَّا غَآئِبِينَ ٥

Fala naqushshanna 'alaihim bi'ilmin wamaa kunnaa ghaa-ibiin.

8. Lan timbangan 'amal ana ing dina Qiyamat iku nyata bener. Sing sapa amale shaleh abot timbangane, iya iku wong-wong kang padha begja.

٨ - وَٱلْوَزْنُ يَوْمَئِذٍ ٱلْحَقُّ ۚ فَمَن ثَقُلَتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ٥

Wal waznu yauma-idzinil haqqu faman tsaqulat mawaaziinuhuu fa-ulaa-ika humul muflihuun.

9. Dene wong kang 'amale shaleh entheng timbangane, mangka wong kang kaya mangkono iku padha rugi awake dhewe, sebab dheweke iku biyen padha ora percaya marang ayat-ayatIngsun.

٩ - وَمَنْ خَفَّتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟ أَنفُسَهُم بِمَا كَانُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا يَظْلِمُونَ ٥

Waman khaffat mawaaziihunuu fa-ulaa-ikal ladziina khasiruu anfusahum bimaa kaanuu bi-aayaatinaa yazhlimuun.

10. Lan sanyata Ingsun wus ngenggonake sira kabeh ana ing Bumi, lan ana ing kono Ingsun wus andamelake sira pangupa jiwa maneka warna, 359) ananging teka sathithik banget anggonira padha syukur!

١٠ - وَلَقَدْ مَكَّنَّٰكُمْ فِى ٱلْأَرْضِ وَجَعَلْنَا لَكُمْ فِيهَا مَعَٰيِشَ ۗ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ١٠

Walaqad makkannaakum fil ardhi waja-'alnaa lakum fiihaa ma'aayisy, qaliilam maa tasykuruun.

359). Warni-warnining pangupa jiwa utawi rembag ekonomi punika wonten kanyataan kodrating manungsa: 1. Manungsa individuil utawi kalompok ambudi daya sagedipun lestantun gesang lan angsal jaminan ayem-tentrem, lan manawi saged anggayuh makmur. 2. Supados pikantuk kondisi ingkang baku (esensiil) kangge lestantuning gesang lan aman (tata-tentrem) punika perlu sanget tata lan tertib sosial ingkang tangguh. 3. Kangge anggayuh tata lan tertib sosial ingkang tangguh, dipun betahaken wontenipun tata-tertibipun sosial kulturil, sarta mekanisme me ingkang saged kaginakaken dening pangetrapipun aturan-aturan lan angger-angger! Tigang bab ingkang umyek-muyek lan memet punika Al Quraan paring pepenget, supados sadaya rembag wau dipun dhasarana syukur nampi kanikmataning Pangeran, Allah ingkang Maha Mirah, Maha Asih!

Pangaji-ajining Allah s.w.t. marang Nabi Adam a.s. lan tedhak turune.

11. Lan temen Ingsun wus anitahake sira kabeh, tumuli Ingsun nemtokake ing rupanira, banjur Ingsun dhawuh marang para Malaikat: "Sira padha sujuda marang Adam", tumuli para Malaikat mau padha bebarengan sujud, kajaba iblis, dheweke ora klebu golongane para Malaikat kang padha sujud.

١١ - وَلَقَدْ خَلَقْنٰكُمْ ثُمَّ صَوَّرْنٰكُمْ ثُمَّ قُلْنَا لِلْمَلٰٓئِكَةِ اسْجُدُوْا لِاٰدَمَ فَسَجَدُوْٓا اِلَّآ اِبْلِيْسَ لَمْ يَكُنْ مِّنَ السّٰجِدِيْنَ ۝

Walaqad khalaqnaakum tsumma shawwarnaakum tsumma qulnaa fil malaaikatisjuduu li aadama fasajaduu illaa ibliis, lam yakum minas saajidiin.

12. Allah ngandika: "Apa kang anjalari dene sira ora gelem sujud marang Adam nalika Ingsun dhawuh?" Ature iblis: "Kula punika langkung mulya tinimbang Adam, jalaran Paduka anitahaken kula saking latu, ananging Paduka anitahaken Adam harak namung saking lebu".

١٢ - قَالَ مَا مَنَعَكَ اَلَّا تَسْجُدَ اِذْ اَمَرْتُكَ ۭ قَالَ اَنَا خَيْرٌ مِّنْهُ ۭ خَلَقْتَنِيْ مِنْ نَّارٍ وَّخَلَقْتَهٗ مِنْ طِيْنٍ ۝

Qaala maa mana'aka allaa tasjuda idz amartuk, qaala anaa khairum minhu khalaqtanii min naariw wakhalaqtahuu minthiin.

13. Allah ngandika: "Sira mudhuna saka ing Suwarga iki,*) jalaran ora patut sira gumedhe ana ing Suwarga! Ayo enggal sira metua, satemene sira iku kalebu golongane wong-wong kang padha ina".

١٣ - قَالَ فَاهْبِطْ مِنْهَا فَمَا يَكُوْنُ لَكَ اَنْ تَتَكَبَّرَ فِيْهَا فَاخْرُجْ اِنَّكَ مِنَ الصّٰغِرِيْنَ ۝

Qaala fahbith minhaa famaa yakuunu laka an tatakabbara fiihaa fakhruj innaka minash shaaghiriin.

14. Iblis munjuk-atur: "Paduka mugi karsa nyrantosaken ing kula 360) ngantos dumugi benjing dinten wekdalipun tiyang-tiyang sami dipun tangekaken saking kubur".

١٤ - قَالَ اَنْظِرْنِيْٓ اِلٰى يَوْمِ يُبْعَثُوْنَ ۝

Qaala anzhirnii ilaa yaumi yub'atsuun.

15. Dhawuhing Allah: "Sanyata sira kalebu golongan kang Ingsun srantekake".

١٥ - قَالَ اِنَّكَ مِنَ الْمُنْظَرِيْنَ ۝

Qaala innaka minal munzhariin.

16. Aturing Iblis: "Rehning Paduka sampun nyasaraken dhateng kula, yektos kula tamtu badhe ngadhang dhateng Adam satedhak turunipun wonten margi Paduka ingkang leres".

١٦ - قَالَ فَبِمَآ اَغْوَيْتَنِيْ لَاَقْعُدَنَّ لَهُمْ صِرَاطَكَ الْمُسْتَقِيْمَ ۙ

Qaala fabimaa aghwaitanii la-aq'udanna lahum shiraathakal mustaqiim.

*). **Bab Suwarga lan Neraka, mirsanana ing "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".**

360). **Nyrantosaken maksudipun supados syetan lan anak-turunipun boten pejah dumugi dinten Qiyamat, murih kadumugen anggenipun badhe nggodha Adam lan putra-wayahipun.**

17. "Salajengipun, kula badhe andhatengi piyambakipun saking ngajeng lan wingkingipun, utawi saking kanan lan keringipun, ngantos Paduka boten manggih kathahing para tetiyang ingkang sami syukur dhumateng Paduka".

١٧- ثُمَّ لَآتِيَنَّهُمْ مِّنْ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ وَمِنْ خَلْفِهِمْ وَعَنْ أَيْمَانِهِمْ وَعَنْ شَمَآئِلِهِمْ ۖ وَلَا تَجِدُ أَكْثَرَهُمْ شَٰكِرِينَ ۝

Tsumma la-aatiyannahum mim baini aidiihim wamin khalfihim wa 'an aimaanihim wa 'an syamaa-ilihim, walaa tajidu aktsarahum syaakiriin.

18. Dhawuhing Allah: "Ayo enggal sira metua saka Suwarga kanthi cinacat sarta tinundhung. Sapa bae wong kang manut marang sira, yekti sira kabeh Ingsun anggo ngebaki Neraka Jahanam amor kalawan wong-wong kang padha manut ing sira kabeh".

١٨- قَالَ اخْرُجْ مِنْهَا مَذْءُومًا مَّدْحُورًا ۖ لَّمَن تَبِعَكَ مِنْهُمْ لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنكُمْ أَجْمَعِينَ ۝

Qaalakhruj minhaa madzmuumam madhuuraa, laman tabi'aka minhum la-amla-anna jahannama minkum ajma'iin.

19. He Adam! Sira lan bojonira padha manggona ana ing Suwarga, sira padha mangana pepanganan sakarepira, ananging poma dipoma sira aja kongsi nyedhaki wit iki, jalaran mundhak sira sakeloron kalebu golongane wong-wong kang padha nganiaya!"

١٩- وَيَٰٓـَٔادَمُ اسْكُنْ أَنتَ وَزَوْجُكَ الْجَنَّةَ فَكُلَا مِنْ حَيْثُ شِئْتُمَا وَلَا تَقْرَبَا هَٰذِهِ الشَّجَرَةَ فَتَكُونَا مِنَ الظَّٰلِمِينَ ۝

Wa yaa aadamuskun anta wa zaujukal jannata fakulaa min haitsu syi'tumaa walaa taqrabaa haadzihisy syajarata fatakuuna minazh zhaalimiin.

20. Tumuli syetan ambujuk marang sakarone, perlu ngatonake wadine wong loro mau kang ditutupi, pangucape syetan: "Allah Pangeran sesembahanira ora nyegah ing sira mangan wohe wit iki, kajaba mung supaya sira sakarone ora dadi Malaikat, utawa supaya sira ora kalebu golonagne wong-wong kang langgeng ing Suwarga".

٢٠- فَوَسْوَسَ لَهُمَا الشَّيْطَٰنُ لِيُبْدِيَ لَهُمَا مَا وُۥرِيَ عَنْهُمَا مِن سَوْءَٰتِهِمَا وَقَالَ مَا نَهَىٰكُمَا رَبُّكُمَا عَنْ هَٰذِهِ الشَّجَرَةِ إِلَّآ أَن تَكُونَا مَلَكَيْنِ أَوْ تَكُونَا مِنَ الْخَٰلِدِينَ ۝

Fawaswasa lahumasy syaithaanu liyubdiya lahumaa maa wuuriya 'an humaa min sau-aatihimaa waqaala maanahaa kumaa rabbukumaa 'an haadzihisy syajarati illaa an takuunaa malakaini au takuunaa minal khaalidiin.

21. Lan syetan iya wus sumpah-sumpah marang sakarone, pangucape: "Sanyata aku iki marang sira sakarone, tenane mung saderma aweh pitutur bae".

٢١- وَقَاسَمَهُمَآ إِنِّى لَكُمَا لَمِنَ النَّٰصِحِينَ ۝

Waqaasama humaa innii lakumaa laminan naashihiin.

22. Syetan mau banjur amrayogakake kalawan pambujuk marang Adam lan Hawa supaya mangan woh iku. Bareng sakarone wus angrasakake wohing wit mau, banjur katon wadine, wong loro banjur golek godhongan ing Suwarga kanggo nutupi wadine, tumuli sakarone padha ditimbali dening Pangeran sesembahane: "Apa Ingsun durung anyegah sira sakaloron mangan wohe uwit iku, sarta apa Ingsun durung paring pirsa marang sira sakaloron, manawa syetan iku mungsuhira kang cetha!"

٢٢- فَدَلّٰىهُمَا بِغُرُوْرٍ ۚ فَلَمَّا ذَاقَا الشَّجَرَةَ بَدَتْ لَهُمَا سَوْاٰتُهُمَا وَطَفِقَا يَخْصِفٰنِ عَلَيْهِمَا مِنْ وَّرَقِ الْجَنَّةِ ۗ وَنَادٰىهُمَا رَبُّهُمَآ اَلَمْ اَنْهَكُمَا عَنْ تِلْكُمَا الشَّجَرَةِ وَاَقُلْ لَّكُمَآ اِنَّ الشَّيْطٰنَ لَكُمَا عَدُوٌّ مُّبِيْنٌ ۝

Fadalla humaa bighuruurin falammaa dzaaqasy syajarata badat lahumaa sauaatuhumaa wa thafiqaa yakhshifaani 'alaihimaa min waraqil jannah, wanaadaa humaa rabba humaa alam 'anhakumaa an tilkumasy syajarati wa aqullakumaa innasy syaithaana lakumaa 'aduwwum mubiin.

23. Adam lan Hawa sakaloron munjuk atur: "Dhuh Pangeran sesembahan kita! Sayektos kita sampun anganiaya dhumateng badan kita piyambak. Manawi Paduka boten karsa paring pangaksama, sarta boten karsa paring sih kawelasan dhumateng kita, sayektos kita kalebet golonganipun tiyang ingkang sami tuna".

٢٣- قَالَا رَبَّنَا ظَلَمْنَآ اَنْفُسَنَا ۖ وَاِنْ لَّمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُوْنَنَّ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ ۝

Qaala rabbanaa zhalamnaa anfusanaa wa illam taghfirlanaa watarhamnaa lanakuunanna minal khaasiriin.

24. Dhawuhing Allah: "Sira padha mudhuna, sawenehira bakal dadi mungsuh marang sawenehe, lan sira kena manggon tetep ana ing Bumi, lan minangka dadi kasenengan tekan sawatara mangsa".

٢٤- قَالَ اهْبِطُوْا بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ ۚ وَلَكُمْ فِى الْاَرْضِ مُسْتَقَرٌّ وَّمَتَاعٌ اِلٰى حِيْنٍ ۝

Qaalahbithuu ba'dhukum liba'dhin 'aduwwuw walakum fil ardhi mustaqarruw wamataa'un ilaahiin.

25. Dhawuhing Allah: "Ana ing Bumi kono sira urip, lan hiya ana ing Bumi kono sira bakal mati, mangkono uga saka ing Bumi kono sira kabeh bakal padha diwetokake".

٢٥- قَالَ فِيْهَا تَحْيَوْنَ وَفِيْهَا تَمُوْتُوْنَ وَمِنْهَا تُخْرَجُوْنَ ۝

Qaala fiihaa tahyauna wa fiihaa tamuutunna wa minhaa tukhrajuun.

26. He anak turune Adam! 361) Sanyata Ingsun wus nurunake marang sira kabeh sandhangan kanggo anutupi wadinira kabeh, lan panganggo minangka pepaes, dene anggon-anggon kang luwih becik, yaiku taqwa

٢٦- يٰبَنِىْٓ اٰدَمَ قَدْ اَنْزَلْنَا عَلَيْكُمْ لِبَاسًا يُّوَارِىْ سَوْاٰتِكُمْ وَرِيْشًا ۗ وَلِبَاسُ التَّقْوٰى ۙ ذٰلِكَ خَيْرٌ ۗ ذٰلِكَ مِنْ اٰيٰتِ اللّٰهِ لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُوْنَ ۝

361). Tegesipun ummat Manungsa sajagadrat.

ing Allah.[362] **Kang mangkono mau saweneh saka ayat dhawuhing Allah, supaya wong-wong mau padha eling.**

Yaa banii aadama qad anzalnaa 'alaikum libaasay yuwaarii sau-aatikum wariisyaa, walibaasut taqwaa dzaalika khair, dzaalika min aayaatillaahi la'allahum yadzdzakkaruun.

27. He anak turune Adam! Aja nganti syetan iku mitenah marang sira kabeh, kaya dene anggone syetan iku wus klakon angetokake wong tuwanira loro saka Suwarga, dheweke iku wus nglukari agemane sakaloron, supaya katon wadi-wadine. Sanyata syetan lan golongane iku padha weruh marang sira kabeh, ananging sira kabeh ora padha bisa weruh marang dheweke. Sanyata anggonIngsun anitahake syetan-syetan iku kareben dadi kekasihe wong-wong kang ora padha iman.

٢٧- يٰبَنِيْٓ اٰدَمَ لَا يَفْتِنَنَّكُمُ الشَّيْطٰنُ كَمَآ اَخْرَجَ اَبَوَيْكُمْ
مِّنَ الْجَنَّةِ يَنْزِعُ عَنْهُمَا لِبَاسَهُمَا لِيُرِيَهُمَا
سَوْاٰتِهِمَا ۗ اِنَّهٗ يَرٰىكُمْ هُوَ وَقَبِيْلُهٗ مِنْ حَيْثُ لَا
تَرَوْنَهُمْ ۗ اِنَّا جَعَلْنَا الشَّيٰطِيْنَ اَوْلِيَآءَ لِلَّذِيْنَ لَا
يُؤْمِنُوْنَ ۝

Yaa banii aadama laa yaftinannakumusy syaithaanu kamaa akhraja abawaikum minal jannati yanzi'u 'anhumaa libaasahumaa liyuriya humaa sau-aatihimaa, innahuu yaraakum huwa waqabiiluhuu min haitsu laa taraunahum, innaa ja'alnasy syayaathiina auliyaa-a lil ladziina laa yu'minuun.

28. Lan manawa wong-wong mau padha anindakake laku ala, dheweke angucap: "Kita kari nemu naluri leluhur kita anggone padha anindakake perkara iku, lan Allah wus andhawuhake kabeh mau marang kita". Dhawuha sira Muhammad: "Satemene Allah ora dhawuh supaya sira anindakake laku ala". Apa sira iku padha matur ing Allah barang kang sira kabeh ora mangerti".

٢٨- وَاِذَا فَعَلُوْا فَاحِشَةً قَالُوْا وَجَدْنَا عَلَيْهَآ اٰبَآءَنَا
وَاللّٰهُ اَمَرَنَا بِهَا ۗ قُلْ اِنَّ اللّٰهَ لَا يَاْمُرُ بِالْفَحْشَآءِ ۗ
اَتَقُوْلُوْنَ عَلَى اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ۝

Wa idzaa fa'aluu faahisyatan qaaluu wajadnaa 'alaihaa aabaa anaa wallaahu amarana bihaa qul innallaaha laa ya'muru bil fahsyaa', ataquluuna 'alallaahi maa laa ta'lamuun.

29. Dhawuha sira Muhammad: "Pangeran sesembahanku wus dhawuh marang aku supaya anjaga keadilan sarta supaya sira kabeh

٢٩- قُلْ اَمَرَ رَبِّيْ بِالْقِسْطِ ۖ وَاَقِيْمُوْا وُجُوْهَكُمْ عِنْدَ كُلِّ

362). Taqwa ing Allah wonten kondisi lan situasi ingkang kados punapa kemawon; sami ugi ing papan rame utawi pasepen, nembe kapilih Rakyat dados Pemimpin (ngasta Panguwaos) utawi dados Rakyat biasa, sampun ngantos adigan ,adigung, adiguna!
Artosipun taqwa ing Allah, punika kajawi pancen rumaos ajrih amargi mangertos lan kraos ing kahagungan saha kaluhuranipun Allah, Gusti Ingkang Maha Kwasa. ugi sumungkem ing dhawuhiPun sarta sumingkir ing pepacuhiPun.
Taqwa punika kalebet wawatakanipun nafsu Muthmainnah, pramila kasaenan lan faedahipun boten namung karaharjan lan kemakmuran ing Donya, nanging ngantos dumugi sowan ing ngarsanipun Allah badhe manggih kamulyan-agung wonten ing Jannatun Na'im. Awit taqwa wau ingkang badhe dados dhasar utawi pikekahipun sadaya pandamel sae tuwin pakerti mulya, lan dados underaning sadaya kabegjan ing Donya lan ing Tembe. Pramila wonten ing Al Quraan dhawuh taqwa punika dipun kencengaken sanget, prasasat boten wonten dhawuhing Al Quraan ingkang nilar dhateng taqwa wau. Jalaran taqwa punika badhe saged anjagi manungsa saking pandamel awon lan lampah dosa, nadyan wonten ing pasepen tanpa kanca!

padha ngadhepna rahinira pener ing arah Qiblat samangsa padha Shalat, ana ing saben-saben Masjid, lan padha nenuwuna kanthi ikhlas marang Panjenengane Allah kalawan murnekake Agama, kaya dene Allah anggone wus anitahake sira kabeh, mesthi sira kabeh bakal padha bali sowan marang Ngarsane!

مَسْجِدٍ وَّادْعُوْهُ مُخْلِصِيْنَ لَهُ الدِّيْنَ ۗ كَمَا بَدَاَكُمْ تَعُوْدُوْنَ ۝

Qul amara rabbii bil qisthi wa aqiimuu wujuuhakum 'inda kulli masjidiw wad-'uuhu mukhlishiina lahuddiin, kamaa bada-akum ta'uuduun.

30. Saperanganing manungsa ana kang kaparingan pituduh dening Allah, lan sagolongan liyane katamtokake sasar, jalaran dheweke wus padha nganggep syetan-syetan mau dadi pangayome saliyaning Allah, lan wong-wong mau padha ngira manawa dheweke padha oleh pituduhing Pangeran.

٣٠- فَرِيْقًا هَدٰى وَفَرِيْقًا حَقَّ عَلَيْهِمُ الضَّلٰلَةُ ۗ اِنَّهُمُ اتَّخَذُوا الشَّيٰطِيْنَ اَوْلِيَآءَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَيَحْسَبُوْنَ اَنَّهُمْ مُّهْتَدُوْنَ ۝

Fariiqan haadzaa wa fariiqan haqqa 'alaihimudh dhalaalah, innahumut-takhadzusy syayaathiina auliyaa-a min duunil laahi wa yahsabuuna annahum muhtaduun.

Trap susila ing panganggo, dhahar, lan ngunjuk

31. He anak turune Adam! Sira padha nganggoa sandhanganira papaes ana ing ngendi-endi Masjid, lan sira padha mangana sarta ngombea, ananging aja padha ngliwati wates (samurwat bae) jalaran sanyatane Allah iku ora remen marang wong kang leluwihan.

٣١- يٰبَنِيْٓ اٰدَمَ خُذُوْا زِيْنَتَكُمْ عِنْدَ كُلِّ مَسْجِدٍ وَّكُلُوْا وَاشْرَبُوْا وَلَا تُسْرِفُوْا ۚ اِنَّهٗ لَا يُحِبُّ الْمُسْرِفِيْنَ ۝

Yaa banii aadama khudzuu ziinatakum 'inda kulli masjidiw wakuluu wasyrabuu walaa tusrifuu innahuu laa yuhibbul musrifiin.

32. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa kang wani ngaramake papaesing Allah kang Panjenengane wus ngetokake kanggo para kawulane, sarta uga becik-becik barang-barang kang saka rezeki peparinge?" Dhawuha sira Muhammad: "Peparinge Allah iku kanggo wong-wong kang padha iman ana ing Donya kene, lan mligi katamtokake marang dheweke besuk ana ing dina Qiyamat". Hiya kaya mangkono iku Ingsun mijang-mijang ayat tandha yekti marang wong kang padha mangerti.

٣٢- قُلْ مَنْ حَرَّمَ زِيْنَةَ اللّٰهِ الَّتِيْٓ اَخْرَجَ لِعِبَادِهٖ وَالطَّيِّبٰتِ مِنَ الرِّزْقِ ۗ قُلْ هِيَ لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا فِى الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا خَالِصَةً يَّوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ كَذٰلِكَ نُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ۝

Qul man harrama ziinatal laahil latii akhraja li-'ibaadihii wath thayyibaati minar rizqi qul hiya lil ladziina aamanuu fil hayaatid dun-yaa khaalishatay yaumal qiyaamah, kadzaalika nufashshilul aayaati liqaumiy ya'lamuun.

33. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata Pangeranku wus ngaramake sakabehing panggawe ala kang katon, lan kang ora katon, lan laku dosa sarta nganiaya kang ora bener, lan PanjenengaNe ngaramake musyrik marang sira kabeh mangro tingal ing Allah, kang PanjenengaNe ora nurunake tandha yekti tumrap iku, lan PanjenengaNe uga ngaramake marang sira kabeh, anggonira matur marang Allah barang kang sira ora mangerti".

٣٣- قُلْ إِنَّمَا حَرَّمَ رَبِّيَ الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ وَالْإِثْمَ وَالْبَغْيَ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَأَنْ تُشْرِكُوا بِاللَّهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهِ سُلْطَانًا وَأَنْ تَقُولُوا عَلَى اللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ۝

Qul innamaa harrama rabbiyal fawaahisya maa zhahara minhaa wamaa bathana wal itsmaa wal baghya bighairil haqqi wa-an tusyrikuu billaahi maalam yunazzil bihii sulthaanaw wa-an taquuluu 'alallaahi maalaa ta'lamuun.

Sabab lan akibat nampa utawa nulak kautusing Rasul.

34. Lan tumrap siji-sijining ummat iku wus ana titi wanci ajale[363] dhewe-dhewe, samangsa wus teka titiwanci ajale, dheweke ora bakal bisa nyuwun mundur utawa nyuwun maju sanajan sa sa'at sadhela wae.

٣٤- وَلِكُلِّ أُمَّةٍ أَجَلٌ فَإِذَا جَاءَ أَجَلُهُمْ لَا يَسْتَأْخِرُونَ سَاعَةً وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ ۝

Walikulli ummatin ajalun fa-idzaa jaa-a ajaluhum laa yasta'khiruuna saa'ataw walaa yastaqdimuun.

35. He anak turune Adam! Samangsa para Rasul saka golonganira rawuh ing papanira kabeh, kang nyritakake ayat-ayatIngsun marang sira, mangka sing sapa wonge taqwa ing Allah, lan tumindake becik, dheweke ora bakal krasa kuwatir padha nemoni susah.

٣٥- يَا بَنِي آدَمَ إِمَّا يَأْتِيَنَّكُمْ رُسُلٌ مِنْكُمْ يَقُصُّونَ عَلَيْكُمْ آيَاتِي فَمَنِ اتَّقَى وَأَصْلَحَ فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ۝

Yaa banii aadama immaa ya'tiyannakum rusulum minkum yaqushshuuna 'alaikum aayaatii famanittaqaa wa ashlaha falaa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

36. Dene wong kang padha anggorohake ing ayat-ayatIngsun, sarta gumedhe saka ayat mau, wong kang mangkono iku wong kang dadi ahli Neraka, ana ing kono bakal padha langgeng.

٣٦- وَالَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا وَاسْتَكْبَرُوا عَنْهَا أُولَئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ۝

Walladziina kadzdzabuu bi aayaatinaa wastakbaruu 'anhaa ulaa-ika ashhaabun naari hum fiihaa khaaliduun.

37. Sapa ta kang luwih nganiaya, tinimbang lan wong kang gawe-gawe goroh marang Allah, utawa wong kang anggorohake

٣٧- فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَى عَلَى اللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ

363). Maksudipun saben Bangsa punika gadhah watesing zaman mukti wibawa lan titi wancining surut utawi ambrukipun.

marang ayat-ayate? Wong kang mangkono mau bakal nampa siksane bageyan, kang wus kapacak ing Kitab, sahingga manawa wong-wong mau karawuhan para UtusanIngsun kang anjabut nyawane kanthi pitakon: "Endi brahala-brahala kang padha sira sembah saliyaning Allah?" Wong-wong mau padha matur: "Brahala-brahala wau sampun sami sirna saking ngajeng kita", sarta dheweke padha nyekseni marang awake dhewe, manawa dheweke iku pancen padha kafir.

بِاٰيٰتِهٖ ۭ اُولٰۗىِٕكَ يَنَالُهُمْ نَصِيْبُهُمْ مِّنَ الْكِتٰبِ ۭ حَتّٰٓى
اِذَا جَاۗءَتْهُمْ رُسُلُنَا يَتَوَفَّوْنَهُمْ ۙ قَالُوْٓا اَيْنَ مَا كُنْتُمْ
تَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ ۭ قَالُوْا ضَلُّوْا عَنَّا وَشَهِدُوْا
عَلٰٓي اَنْفُسِهِمْ اَنَّهُمْ كَانُوْا كٰفِرِيْنَ ۝

Faman azhlamu mim maniftaraa 'alallaahi kadziban au kadzdzaba bi-aayaatih, ulaa-ika yanaaluhum nashiibuhum minal kitaabi hattaa idzaa jaa-at-hum rusulunaa yatawaffaunahum qaaluu ainamaa kuntum tad'uuna min duunillaah, qaaluu dhalluu 'annaa wa syahiduu 'alaa anfusihim annahum kaanuu kaafiriin..

38. Dhawuhing Allah: "Sira kabeh padha lumebua ing Neraka bebarengan karo golongan kang wus kapungkur, yaiku jin lan manungsa". Saben-saben salah sijining golongan lumebu ana ing Neraka, dheweke banjur nyatur ala marang sadulure, sahingga manawa kabeh golongan wus padha lumebu ing Neraka, golongan kang lumebu kari [364] dhewe padha ngaturake kasalahane golongan kang dhisik [365] dhewe: "Dhuh Pangeran sesembahan kita, tiyang-tiyang wau sampun sami nyasaraken kita, mugi Paduka nyiksa ing piyambakipun sarana siksa ingkang tikel matikel". Dhawuhing Allah: "Kabeh bae padha bakal kapatrapan siksa tetikelan, nanging sira kabeh ora padha mangerti".

٣٨- قَالَ ادْخُلُوْا فِيْٓ اُمَمٍ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِكُمْ مِّنَ الْجِنِّ
وَالْاِنْسِ فِي النَّارِ ۭ كُلَّمَا دَخَلَتْ اُمَّةٌ لَّعَنَتْ اُخْتَهَا ۭ
حَتّٰٓى اِذَا ادَّارَكُوْا فِيْهَا جَمِيْعًا ۙ قَالَتْ اُخْرٰىهُمْ لِاُوْلٰىهُمْ
رَبَّنَا هٰٓؤُلَاۗءِ اَضَلُّوْنَا فَاٰتِهِمْ عَذَابًا ضِعْفًا مِّنَ النَّارِ ۭ
قَالَ لِكُلٍّ ضِعْفٌ وَّلٰكِنْ لَّا تَعْلَمُوْنَ ۝

Qaaladkhuluu fii umamin qad khalat min qablikum minal jinni wal insi finnaari kullamaa dakhalat ummatun la-'anat ukhtahaa, hattaa idzad daarakuu fiihaa jamii'an qaalat ukhraahum li-uulaahum rabbanaa haa-ulaa-i adhalluunaa fa-aatihim 'adzaaban dhi'fam minan naar, qaala likullin dhi'fuw walaakillaa ta'lamuun.

39. Wong-wong kang padha lumebu dhisik ing Neraka padha mangsuli marang wong kang lumebu kari: "Wis mesthi ora yen sira kabeh iku luwih unggul tinimbang kita, mulane sira uga padha ngrasakna siksa, sabab tindak kang uga wus padha sira lakoni dhewe".

٣٩- وَقَالَتْ اُوْلٰىهُمْ لِاُخْرٰىهُمْ فَمَا كَانَ لَكُمْ عَلَيْنَا مِنْ
فَضْلٍ فَذُوْقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْسِبُوْنَ ۝

Waqaalat uulaahum li-ukhraahum famaa kaana lakum 'alainaa min fadhlin fadzuuqul 'adzaaba bimaa kuntum taksibuun.

364). Inggih punika para pendherek.

365). Para pemimpin.

40. Sanyata wong-wong kang padha anggorohake ing ayat-ayatIngsun, lan padha gumedhe saka ayat mau, mangka ora bakal lawanging Langit [366] padha dibukak tumrap wong-wong mau, lan dheweke ora bakal padha lumebu ing Suwarga, kajaba manawa ana unta [367] bisa lumebu ing bolonganing edom; kaya mangkono mau Ingsun males marang wong-wong kang padha nganiaya.

٤٠ - إِنَّ الَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا وَاسْتَكْبَرُوا عَنْهَا لَا تُفَتَّحُ لَهُمْ أَبْوَابُ السَّمَاءِ وَلَا يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ حَتَّىٰ يَلِجَ الْجَمَلُ فِي سَمِّ الْخِيَاطِ ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُجْرِمِينَ ٥

Innal ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa wastakbaruu 'anhaa laa tufattahu lahum abwaabus samaa-i walaa yadkhuluunal jannata hattaa yalijal jamalu fii sammil khiyaath, wa kadzaalika najzil mujrimiin.

41 Tumrap dheweke bakal padha manggon ngisor dhasaring Neraka Jahanam, lan sadhuwure ana tutupe kang rapet, [368] kaya mangkono mau anggonIngsun males marang wong kang padha zhalim.

٤١ - لَهُمْ مِنْ جَهَنَّمَ مِهَادٌ وَمِنْ فَوْقِهِمْ غَوَاشٍ ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي الظَّالِمِينَ ٥

Lahum min jahannama mihaaduw wamin fauqihim ghawaasy, wa kadzaalika majzizh zhaalimiin.

42. Dene wong kang padha iman sarta padha tumindak becik, Ingsun ora amerdi sawijining wong kajaba sakongange, wong-wong mau bakal padha manggon ana ing Suwarga, tur dheweke ana ing kono padha langgeng.

٤٢ - وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَا نُكَلِّفُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَنَّةِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ٥

Walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati laa nukallifu nafsan illaa wus'ahaa ulaa-ika ashhaabul jannah, hum fiihaa khaaliduun.

Suci lahir tumekaning batin iku pitudhuh dalane marang Suwarga.

43. Lan Ingsun anyabut barang saka pangunek-unek (kameren) kang ana ing sajeroning atine, ana ing ngisore Suwargane wong-wong mau ana kaline mili, sarta padha andedonga: "Sadaya puji pangalembana punika kagunganing Allah ingkang sampun paring Pitedah ing kita dhateng Suwarga punika, ing mangka kita boten nginten babar pisan angsal Pitedah, upami Allah boten paring Pitedah dhumateng kita, sayektos sampun rawuh Utusaning Pangeran sesembahan kita

٤٣ - وَنَزَعْنَا مَا فِي صُدُورِهِمْ مِنْ غِلٍّ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهِمُ الْأَنْهَارُ ۖ وَقَالُوا الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي هَدَانَا لِهَٰذَا ۖ وَمَا كُنَّا لِنَهْتَدِيَ لَوْلَا أَنْ هَدَانَا اللَّهُ ۖ لَقَدْ جَاءَتْ رُسُلُ رَبِّنَا بِالْحَقِّ ۖ وَنُودُوا أَنْ تِلْكُمُ الْجَنَّةُ أُورِثْتُمُوهَا بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ٥

366). Tegesipun do'a lan amalipun boten katampi dening Allah.

367). Boten mungkin piyambakipun lumebet Suwarga, kados dene anggenipun boten mungkin unta saged lumebet bolonganing jarum.

368). Artosipun tetiyang wau kinepung wakul binaya mangap dening latuning Neraka!

kalawan ngampil Agama ingkang leres". Wong-wong kang manggon ing Suwarga mau padha diparingi weruh: "Suwarga iki kang Ingsun paringake marang sira kabeh jalaran amal kang wus sira tindakake".

Wanaza'naa maa fii shuduurihim min ghillin tajrii min tahtihimul anhaaru waqaalul hamdu lillaahil ladzii hadaanaa lihaadzaa wamaa kunnaa linahtadiya laulaa an hadaanallaahu laqad jaa-at rusulu rabbinaa bil haqq, wanuuduu an tilkumul jannatu uuritstumuuhaa bimaa kuntum ta'maluun.

Piwalese wong kang atine ora suci.

44. Wong ahli Suwarga iku padha undang-undang marang ahli Neraka, pangucape: "Sanyata kita wus nemu barang kang kajanjekake dening Pangeran sesembahan kita, iku temen! Apa sira uga wis padha nemu barang kang dijanjekake dening Pangeranira kanthi bener?" Wong-wong ahli Neraka mangsuli: "Hiya bener", tumuli ana ing antarane wong-wong mau padha didhawuhi dening kang dhawuh: "Sanyata la'nate Allah iku tetep tumrap wong-wong kang padha nganiaya".

٤٤- وَنَادَىٰٓ أَصْحَٰبُ ٱلْجَنَّةِ أَصْحَٰبَ ٱلنَّارِ أَن قَدْ وَجَدْنَا مَا وَعَدَنَا رَبُّنَا حَقًّا فَهَلْ وَجَدتُّم مَّا وَعَدَ رَبُّكُمْ حَقًّا ۖ قَالُوا۟ نَعَمْ ۚ فَأَذَّنَ مُؤَذِّنٌۢ بَيْنَهُمْ أَن لَّعْنَةُ ٱللَّهِ عَلَى ٱلظَّٰلِمِينَ ۝

Wanaadaa ashhaabul jannati ashhaaban naari an qad wajadnaa maa wa'adanaa rabbunaa haqqan fahal wajad-tum maa wa'ada rabbukum haqqaa, qaaluu na'am fa-adzdzana mu-adzdzinum bainahum an la'natullaahi 'alazh zhaalimiin.

45. Yaiku wong-wong kang padha ngalang-alangi para manungsa ngambah dedalaning Allah, dheweke duwe pamrih supaya dedalaning Allah iku melenceng, lan jebulane wong-wong mau kafir marang Akherat".

٤٥- ٱلَّذِينَ يَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَيَبْغُونَهَا عِوَجًا وَهُم بِٱلْءَاخِرَةِ كَٰفِرُونَ ۝

Alladziina yashudduuna 'an sabiilillaahi wa yabghuunahaa 'iwajaw wahum bil aakhirati kaafiruun.

46. Dene antarane Suwarga lan Neraka iku ana let-let sing ngaling-alingi, lan ing dhuwure ana betenge dhuwur, ing kono ana wong lanang pirang-pirang kang padha ngerti marang siji-sijine ahli Neraka kalawan ana tetengere, lan dheweke padha ngundang-undang marang ahli Suwarga: "Kawilujengan ing Allah tetep dhumateng panjenengan sami". Wong-wong mau durung padha lumebu ing Suwarga kang sajatine dheweke padha kepengin".

٤٦- وَبَيْنَهُمَا حِجَابٌ ۚ وَعَلَى ٱلْأَعْرَافِ رِجَالٌ يَعْرِفُونَ كُلًّۢا بِسِيمَىٰهُمْ ۚ وَنَادَوْا۟ أَصْحَٰبَ ٱلْجَنَّةِ أَن سَلَٰمٌ عَلَيْكُمْ ۖ لَمْ يَدْخُلُوهَا وَهُمْ يَطْمَعُونَ ۝

Wa baina humaa hijaabuw wa 'alal a'raafi rijaaluy ya'rifuuna kullam bisiimaahum wa naadau ashhaabal jannati an salaamun 'alaikum lam yadkhuluuhaa wahum yathma'uun.

47. Manawa pandelenge wong-wong mau ditujokake wong ahli Neraka, dheweke padha matur: "Dhuh Pangeran kita, Paduka mugi sampun ngantos andadosaken kita sadaya, tumut golonganipun tetiyang ingkang sami nganiaya".

٤٧- وَإِذَا صُرِفَتْ أَبْصَٰرُهُمْ تِلْقَآءَ أَصْحَٰبِ ٱلنَّارِ قَالُوا۟ رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا مَعَ ٱلْقَوْمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝

Wa idzaa shurifat abshaaruhum tilqaa-a ashhaabin naari qaaluu rabbanaa laa taj'alnaa ma'al qaumizh zhaalimiin.

48. Wong-wong kang ana sadhuwure beteng A'rof kang dhuwur mau padha ngundang-undang marang wong-wong lanang kang wus dimangerteni sarana tetengere calathune: "Harak ora ana paedahe ta kasugihan kang sira kumpulake? lan bandhanira kang sira anggo gumendhung biyen kae?"

٤٨- وَنَادَىٰٓ أَصْحَٰبُ ٱلْأَعْرَافِ رِجَالًا يَعْرِفُونَهُم بِسِيمَٰهُمْ قَالُوا۟ مَآ أَغْنَىٰ عَنكُمْ جَمْعُكُمْ وَمَا كُنتُمْ تَسْتَكْبِرُونَ ۝

Wa naadaa ashhaabul a'raafi rijaalay ya'rifuunahum bisiimaahum qaaluu maa aghnaa 'ankum jam'ukum wamaa kuntum tastakbiruun.

49. Wong-wong kang ana sadhuwuring A'rof beteng dhuwur pitakon marang wong ahli Neraka: "He para ahli Neraka, apa wong-wong [369] iku kang biyen padha sira sumpah: manawa Allah ora bakal maringi rakhmat marang dheweke?" Para mitra Ahli Suwarga, panjenengan kula aturi lumebet wonten ing Suwarga boten usah kuwatos wigah-wigih lan boten usah mawi susah tuwin sedhih".

٤٩- أَهَٰٓؤُلَآءِ ٱلَّذِينَ أَقْسَمْتُمْ لَا يَنَالُهُمُ ٱللَّهُ بِرَحْمَةٍ ۖ ٱدْخُلُوا۟ ٱلْجَنَّةَ لَا خَوْفٌ عَلَيْكُمْ وَلَآ أَنتُمْ تَحْزَنُونَ ۝

Ahaa-ulaa-il ladziina aqsamtum laa yanaalu humullaahu birahmah, udkhulul jannata laa khaufun 'alaikum walaa antum takhzanuun.

50. Wong-wong ahli Neraka padha ngundang marang ahli Suwarga: "mBok inggiya panjenengan kersa paring toya dhumateng kita utawi rezeki ingkang sampun dipun paringaken dening Allah dhateng panjenengan". Wangsulane ahli Suwarga: "Sanyatane Allah wus ngaramake loro-lorone mau tumrap wong kang padha kafir".

٥٠- وَنَادَىٰٓ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ أَصْحَٰبَ ٱلْجَنَّةِ أَنْ أَفِيضُوا۟ عَلَيْنَا مِنَ ٱلْمَآءِ أَوْ مِمَّا رَزَقَكُمُ ٱللَّهُ ۚ قَالُوٓا۟ إِنَّ ٱللَّهَ حَرَّمَهُمَا عَلَى ٱلْكَٰفِرِينَ ۝

Wa naadaa ashhaabun naari ashhaabal jannati an afiidhuu 'alainaa minal maa-i au mim maa razaqakumullaah, qaaluu innallaaha harrama humaa 'alal kaafiriin.

51. Yaiku wong-wong kang padha ndadekake Agama kanggo sembarangan, lan dedolanan (ora temenan), lan kang padha kasengsem dening panguripan Donya; jalaran saka iku ing dina iki Ingsun nglalekake marang wong-wong mau, kaya dene anggone wong-wong mau padha lali (ora maelu) karo katemune dina iki, sarta jalaran anggone padha ngungkiri marang ayat-ayatingsun.

٥١- ٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ دِينَهُمْ لَهْوًا وَلَعِبًا وَغَرَّتْهُمُ ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَا ۚ فَٱلْيَوْمَ نَنسَىٰهُمْ كَمَا نَسُوا۟ لِقَآءَ يَوْمِهِمْ هَٰذَا وَمَا كَانُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا يَجْحَدُونَ ۝

Alladziinat takhadzuu diinahum lahwaw wala'ibaw wagharrat humul hayaatud dun-yaa falyauma nansaahum kamaa nasuu liqaa-a yaumihim haadzaa wamaa kaanuu bi-aayaatinaa yajhaduun.

369). Inggih punika tiyang ahli Suwarga.

52. Lan sanyata Ingsun wus paring marang dheweke sawijining Kitab (Al Quraan) kang wus Ingsun terangake iku kalawan adhedhasar 'ilmu370 dadi pituduh lan rakhmat tumrap golongane wong kang padha iman.

٥٢ - وَلَقَدْ جِئْنٰهُمْ بِكِتٰبٍ فَصَّلْنٰهُ عَلٰى عِلْمٍ هُدًى وَّ
رَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ٥

Wa laqad ji'naahum bikitaabin fashshalnaahu 'alaa 'ilmin hudaw warahmatal liqaumiy yu'minuun.

53. Dheweke ora padha ngenteni kajaba mung ngenteni kabeneran kawusanane Al Quraan. Ana ing tekaning dina kawusananing Al Quraan mau wong kang maune padha nglirwakake bakal angucap: "Satemene wus rawuh utusaning Pangeran kita ngampil Agama kang bener, saka iku apa kita saiki duwe juru syafa'at kang bisa nyafa'ati marang kita, utawa supaya kita padha bisa dibalekake ana ing Donya, perlune kita bisa bebarengan ora arep anindakake laku kang wus tau agawe kapitunan marang awake dhewe, lan wus sirna saka wong-wong mau gegorohan kang padha mung digawe-gawe".

٥٣ - هَلْ يَنْظُرُوْنَ اِلَّا تَاْوِيْلَهٗ ۭ يَوْمَ يَاْتِيْ تَاْوِيْلُهٗ يَقُوْلُ
الَّذِيْنَ نَسُوْهُ مِنْ قَبْلُ قَدْ جَاۗءَتْ رُسُلُ رَبِّنَا بِالْحَقِّ ۚ
فَهَلْ لَّنَا مِنْ شُفَعَاۗءَ فَيَشْفَعُوْا لَنَآ اَوْ نُرَدُّ فَنَعْمَلَ
غَيْرَ الَّذِيْ كُنَّا نَعْمَلُ ۭ قَدْ خَسِرُوْٓا اَنْفُسَهُمْ وَضَلَّ
عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ٥

Hal yanzhuruuna illaa ta'wiilah, yauma ya'tii ta'wiiluhuu yaquulul ladziina nasuuhu min qablu qad jaa-at rusulu rabbinaa bil haqqi fahal lanaa min syufa'aa-a fayasyfa'uu lanaa au nuraddu fana'mala ghairal ladzii kunnaa na'malu qad khasiruu anfusahum wadhalla 'anhum maa kaanuu yaftaruun.

Tumitahe Langit lan Bumi.

54. Sanyata Pangeranira iku Allah kang wus anitahake Langit lan Bumi 371) sajeroning mangsa nem dina, tumuli PanjenengaNe lenggah ana ing 'Arsy. PanjenengaNe anutupi wengi kalawan rahina, ing kono wengi mau

٥٤ - اِنَّ رَبَّكُمُ اللّٰهُ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ فِيْ
سِتَّةِ اَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوٰى عَلَى الْعَرْشِ ۡ يُغْشِي الَّيْلَ النَّهَارَ
يَطْلُبُهٗ حَثِيْثًا ۙ وَّالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ وَالنُّجُوْمَ مُسَخَّرٰتٍ

370). Artosipun ilmuning Allah s.w.t. ingkang mumpuni kamaslahatipun sarta kahormatan, lan karahayoning ummat Manungsa ing Donya dumugi Akheratipun. Boten wonten sanes inggih punika nindakaken syari'at Agama Islam sarana paripurna, tegesipun 'amal ingkang sesambetan individu kalawan Allah, makaten ugi tumindak ingkang wonten kalanganipun masyarakat kanthi sak-sami-sami makhluking Allah, inggih ingkang sambet gatraning ekonomi, sosial budaya, politik, ideologi, lan kamiliterah. Dhuh Gusti Allah, amung dhumateng Paduka kawula sami manembah, lan amung dhumateng Paduka kawula nyuwun pitulung!
Yaa hayyu, yaa qayyum! Birahmatika astaghiitsu! (Dhuh Gusti Allah ingkang Gesang, Dhuh Gusti Allah kang jumeneng pribadi, sarana Sih Paduka, kula sambat nyuwun pitulung! Saged nindakaken syari'at Agama Islam sarana paripurna, amin!).

371). Ing dalem Al Quraan wonten pitung Ayat ingkang ndhawuhaken bilih tumitahing Bumi-Langit saha samubarang ingkang wonten ing saantawisipun punika wonten wekdal Nem dinten. Ananging Al Quraan boten mawi mastani nami-namining dinten, Jum'ah, Sabtu, Ahad, Senen, Selasa, Rebo, lan Kemis. Wonten ing Surat Hajji ayat no. 47 dipundhawuhaken, bilih sadinten menggahing Allah s.w.t. punika sami lan sewu tahun tumraping manungsa, amila boten tebih manawi tegesipun nem dinten wau nem mangsa, punapa malih manawi ngengeti dinten ingkang mawi nami, ingkang umuripun sadinten sadalu 24 jam punika wontenipun sasampunipun wonten ten Surya lan Bumi. Punapa malih ngengeti teori ilmiyah saking para sarjana Geologi, saya cetha malih bilih dinten nem wau sanes dinten pitung dinten kasebat, ananging dinten menggahing Allah inggih punika sewu tahun. Dene tehnis caranipun Allah s.w.t. nitahaken Bumi-Langit saisinipun ugi katerangaken wonten Ayat sanes lan pinten-pinten Hadist Riwayat Bukhari Muslim l.s.p. Mirsanana bab Bumi-Langit saisinipun ing "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi", kaca wingking!

tansáh ngoyak lakuning rahina sarana rerikatan, lan PanjenengaNe wus anitahake Srengenge lan Rembulan, sarta Lintang kang padha lumaku miturut dhawuhing Allah. Mangertia kabeh titah lan mobah mosike iku kabeh kagunganing Allah. Saya tambah berkahing Allah Pangeran kang sinembah ana ing 'alam jagad-raya!

بِأَمْرِهِ ۗ أَلَا لَهُ الْخَلْقُ وَالْأَمْرُ ۗ تَبَارَكَ اللَّهُ رَبُّ الْعَالَمِينَ ۝

Inna rabbakumullaahul ladzii khalaqas-samaawaati wal ardha fii sittati ayyaamin tsummastawaa 'alal 'arsyi yughsyil lailan nahaara yathlubuhuu hatsiitsaw wasy-syamsa wal qamara wan nujuuma musakhkharaatim bi-amrih, alaa lahul khalqu wal amr, tabaarakallaahu rabbul 'aalamiin.

Kapriye carane nenuwun marang Allah

55. "Sira padha nenuwuna marang Allah Pangeran sesembahanira kalawan ibadah-dhedhepe sarta kanthi suara kang lirih-lirih memalad sih, [372] jalaran Panjenengane iku ora remen marang wong wong kang padha ngliwati wates". [373]

٥٥ - ادْعُوا رَبَّكُمْ تَضَرُّعًا وَخُفْيَةً ۚ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الْمُعْتَدِينَ ۝

Ud'uu rabbakum tadharru'an wakhufyah, innahuu laa yuhibbul mu'tadiin.

56. Lan sira kabeh aja padha agawe rusak ana ing Bumi sawuse becik tata-tentreme, lan sira padha nenuwuna marang PanjenengaNe kalawan nratap, lan kebak pangarep-arep, sanyata rakhmating Allah iku cedhak karo wong-wong kang padha tumindak becik.

٥٦ - وَلَا تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ بَعْدَ إِصْلَاحِهَا وَادْعُوهُ خَوْفًا وَطَمَعًا ۚ إِنَّ رَحْمَتَ اللَّهِ قَرِيبٌ مِنَ الْمُحْسِنِينَ ۝

Walaa tufsiduu fil ardhi ba'da ishlaahihaa wad'uuhu khaufaw wathama'aa, inna rahmatallaahi qariibum minal muhsiniin.

Tandha yekti kuwasaning Allah nguripake maneh wong mati.

57. PanjenengaNe Allah iku kang ngutus angin minangka dadi bebungah andhisiki ing sangareping rakhmate, nganti ing nalikane angin mau wus anggawa mega abot banjur Ingsun siramake ana salumahing Bumi kang mati, Ingsun nurunake banyu udan sarana

٥٧ - وَهُوَ الَّذِي يُرْسِلُ الرِّيَاحَ بُشْرًا بَيْنَ يَدَيْ رَحْمَتِهِ ۖ حَتَّىٰ إِذَا أَقَلَّتْ سَحَابًا ثِقَالًا سُقْنَاهُ لِبَلَدٍ مَيِّتٍ فَأَنْزَلْنَا بِهِ الْمَاءَ فَأَخْرَجْنَا بِهِ مِنْ كُلِّ الثَّمَرَاتِ كَذَٰلِكَ نُخْرِجُ

372). Panuwun (do'a) lan Dzikir (panyebut) wonten ing Agama Islam sampun dipun perdi lan dipun tata tharik-tharik, inggih punika dipun pernahaken miturut empanipun, kacocokaken kaliyan kawontenanipun, lan gampil dipun tindakaken! Dzikir angsal kani'matan geseh kaliyan dzikir nampi kasisahan. Upami, manawi nampi kasenengan, maos: "Al hamdulillaah", minangka nga-turaken puji-syukur ing Allah. Manawi nampi kasisahan, maos: "Innaa lillaahi wa innaa ilaihi raaji'uun", minangka kangge nyabaraken manah lan pasrah ing Allah. Lan wonten ugi ingkang dipun sartani dedonga dhumateng Allah, kadosta Shalat ing wanci dalu Istikharah. Bab shalat Istikharah, do'a lan dzikir, mirsanana ing "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

373). Tegesipun boten nglangkungi wates anggenipun do'a utawi caranipun nenuwun (do'a), sabab sadaya tumindak ingkang ekstrim lan nyentrik punika ngemu raos ngroda peksa! Kosok wangsulipun ugi sampun ngantos dzikir lan donga namung sinambi kaliyan angop! Langkung-langkung ndadak ngembang cubung, ndlongop! Wallaahu a'lam!

mendhung, tumuli kalawan banyu mau Ingsun angetokake sawarnaning woh-wohan. Hiya kaya mangkono iku anggonIngsun arsa nguripake wong mati, supaya sira kabeh padha eling.

الْمَوْتٰى لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ ۝

Wahuwal ladzii yursilur riyaaha busyram baina yadai rahmatih, hattaa idzaa aqallat sahaaban tsiqaalan suqnaahu libaladim mayyitin fa-anzalnaa bihil maa a fa-akhrajnaa bihii min kullits tsamaraati kadzaalika nukhrijul mautaa la'allakum tadzakkaruun.

58. Dene Negara kang becik, bisa ngetokake tetandurane kalawan izining Allah PangeraNe, ananging Negara kang ala ora bisa ngetokake tetandurane, kajaba kalawan angel, kaya mangkono anggonIngsun anerangake ayat-ayat tumrap wong kang padha syukur!

٥٨ - وَالْبَلَدُ الطَّيِّبُ يَخْرُجُ نَبَاتُهٗ بِاِذْنِ رَبِّهٖ ۚ وَالَّذِيْ خَبُثَ لَا يَخْرُجُ اِلَّا نَكِدًا ۭ كَذٰلِكَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّشْكُرُوْنَ ۝ ع ١٣

Wal baladuth thayyibu yakhruju nabaatuhuu bi-idzni rabbihii walladzii khabutsa laa yakhruju illaa nakidaa, kadzaalika musharriful aayaati liqaumiy yasykuruun.

Sejarahe Nabi Nuh a.s.

59. Yekti Ingsun wus ngutus Nabi Nuh marang kaume, dhawuhe: "He kaumku, sira padha nyembaha marang Allah, ora ana Pangeran sesembahan tumrap sira, saliyane Panjenenganing Allah piyambak, sanyata aku nguwatirake marang sira yen kongsi kapatrapan siksa ana ing dina kang gedhe pakewuhe.

٥٩ - لَقَدْ اَرْسَلْنَا نُوْحًا اِلٰى قَوْمِهٖ فَقَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ مَا لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ غَيْرُهٗ ۭ اِنِّيْٓ اَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيْمٍ ۝

Laqad arsalnaa nuuhan ilaa qaumihii faqaala yaa qaumi' budullaaha maa lakum min ilaahin ghairuh, innii akhaafu 'alaikum 'adzaaba yaumin 'azhiim

60. Ature para leluhuring golongane Nabi Nuh: "Miturut pamanggih kita, sayektos panjenengan punika kalebet wonten salebeting sasar ingkang terang".

٦٠ - قَالَ الْمَلَاُ مِنْ قَوْمِهٖٓ اِنَّا لَنَرٰىكَ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ۝

Qaalal mala-u min qaumihii innaa lanaraaka fii dhalaalim mubiin.

61. Dhawuhing Nabi Nuh: "He kaumku! Aku ora sasar, ananging aku iki sawijining Utusan saka ngarsaning Pangeran sesembahane wong sa'alaming jagad raya".

٦١ - قَالَ يٰقَوْمِ لَيْسَ بِيْ ضَلٰلَةٌ وَّلٰكِنِّيْ رَسُوْلٌ مِّنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Qaala yaa qaumi laisa bii dhalaalatuw walaakinnii rasuulum mir rabbil 'aalamiin.

62. "Aku mung saderma nekakake dhawuhing Pangeran sesembahanku marang sira kabeh, sarta aku aweh pitutur marang sira, jalaran aku mangerti ing barang peparinging Allah kang ora padha sira mangerteni".

٦٢ - أُبَلِّغُكُمْ رِسٰلٰتِ رَبِّيْ وَ اَنْصَحُ لَكُمْ وَاَعْلَمُ مِنَ اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ٥

Uballighukum risaalaati rabbii wa anshahu lakum wa a'lamu minallaahi maalaa ta'lamuun.

63. "Apa sira iku padha gumun, manawa pepeling kang diampil dening wong lanang saka golonganira wus tumeka marang sira, kanggo ngancam sira? Supaya sira padha wedi ing Allah? sarta supaya sira padha antuk rakhmat?"

٦٣ - اَوَعَجِبْتُمْ اَنْ جَآءَكُمْ ذِكْرٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ عَلٰى رَجُلٍ مِّنْكُمْ لِيُنْذِرَكُمْ وَ لِتَتَّقُوْا وَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُوْنَ ٥

Awa'ajibtum an jaa-akum dzikrum mir rabbikum 'alaa rajulim minkum liyundzirakum walitattaquu wala'allakum turhamuun.

64. Mangka kaume Nabi Nuh mau padha maido marang dheweke, ing kono Ingsun banjur nyalametake Nabi Nuh, lan wong-wong kang padha andherek nunggang prau [374] lan maneh Ingsun ngeremake wong kang padha maido ing ayat-ayatIngsun, sebab dheweke iku golongan wong kang padha wuta.

٦٤ - فَكَذَّبُوْهُ فَاَنْجَيْنٰهُ وَ الَّذِيْنَ مَعَهٗ فِي الْفُلْكِ وَاَغْرَقْنَا الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا ۚ اِنَّهُمْ كَانُوْا قَوْمًا عَمِيْنَ ٥ ع ٨

Fakadzdzabuuhu fa-anjainaahu walladziina ma'ahuu fil fulki wa-aghraqnal ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa, innahum kaanuu qauman 'amiin.

Caritane Nabi Hud a.s.

65. Lan Ingsun uga wus angutus marang kaum 'Ad, sadulure, yaiku Nabi Hud. Dheweke dhawuh: "He kaumku! Sira padha nyembaha marang Allah, tumrap sira ora ana Pangeran sesembahan saliyane PanjenengaNe piyambak, apa sira ora padha gelem bekti marang PanjenengaNe?

٦٥ - وَ اِلٰى عَادٍ اَخَاهُمْ هُوْدًا ۗ قَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ مَا لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ غَيْرُهٗ ۗ اَفَلَا تَتَّقُوْنَ ٥

Wa-ilaa 'aadin akhaahum huudaa, qaala yaa qaumi'budullaaha maa lakum min ilaahin ghairuh, afalaa tattaquun.

66. Ature para leluhuring golongane Nabi Hud kang padha kafir: "Miturut pamanggih kita, sayektos panjenengan punika bodho, lan panginten kita panjenengan punika kalebet ingkang dora".

٦٦ - قَالَ الْمَلَاُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ قَوْمِهٖٓ اِنَّا لَنَرٰىكَ فِيْ سَفَاهَةٍ وَّ اِنَّا لَنَظُنُّكَ مِنَ الْكٰذِبِيْنَ ٥

Qaalal mala-ul ladziina kafaruu min qaumihii innaa lanaraaka fii safaahatiw wa innaa lanadzunnuka minal kaadzibiin.

374). Saweneh ahli Purbakala (Arkeologi) anerangaken Baitanipun Nabi Nuh a.s. punika labuh ing pareden satunggaling wilayah ing Negari Turki, boten tebih saking Ankara, wallahu'alam!

67. Dhawuhing Nabi Hud: "He kaumku! Aku iki dudu wong bodho, ananging aku iki sawijining Rasul resmi saka ngarsaning Pangeran sesembahaning wong sa:alam kabeh".

٦٧- قَالَ يٰقَوْمِ لَيْسَ بِيْ سَفَاهَةٌ وَّلٰكِنِّيْ رَسُوْلٌ مِّنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Qaala yaa qaumi laisa bii safaahatuw walaakinnii rasuulum mir rabbil 'aalamiin.

68. "Aku mung saderma nekakake marang sira kabeh dhawuh dhawuhing Pangeranku, jalaran aku iki tumrap sira kabeh dhapur dadi Juru pitutur kang pinercaya".

٦٨- اُبَلِّغُكُمْ رِسٰلٰتِ رَبِّيْ وَاَنَا لَكُمْ نَاصِحٌ اَمِيْنٌ ۝

Uballighukum risaalaati rabbii wa ana lakum naasihun amiin.

69. "Lan apa sira padha gumun, manawa pepeling kang diampil dening wong lanang saka golonganira wus tumeka marang sira kanggo ngancam marang sira kabeh? Elinga ing nalika PanjenengaNe Allah andamel sira kabeh dadi sesulih sawuse golongane Nabi Nuh, sartá PanjenengaNe nambaha kuat lan gedhening badanira, jalaran saka iku mula padha elinga ing kani'mataning Allah, supaya sira kabeh padha begja.

٦٩- اَوَعَجِبْتُمْ اَنْ جَآءَكُمْ ذِكْرٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ عَلٰى رَجُلٍ مِّنْكُمْ لِيُنْذِرَكُمْ ۭ وَاذْكُرُوْٓا اِذْ جَعَلَكُمْ خُلَفَاۗءَ مِنْۢ بَعْدِ قَوْمِ نُوْحٍ وَّزَادَكُمْ فِي الْخَلْقِ بَصْۜطَةً ۚ فَاذْكُرُوْٓا اٰلَاۗءَ اللّٰهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ۝

Awa'ajibtum an jaa-akum dzikrum mir rabbikum 'alaa rajulim minkum liyundzirakum, wadzkuruu idz ja'alakum khulafaa-a mim ba'di qaumi nuuhiw wazaadakum fil khalqi bashthatan fadzkuruu aalaa-allaahi la'allakum tuflihuun.

70. Wong-wong mau padha matur: "Rawuh panjenengan ing mriki punapa dhawuh dhateng kita supados manembah dhateng Allah piyambak, tuwin supados kita anilar punapa ingkang dipun sembah dening tetiyang sepuh kita? Manawi makaten mangga andhatengna siksa ingkang penjenengan janjekaken dhateng kita, yen nyata panjenengan punika kalebet tetiyang ingkang sami temen.

٧٠- قَالُوْٓا اَجِئْتَنَا لِنَعْبُدَ اللّٰهَ وَحْدَهٗ وَنَذَرَ مَا كَانَ يَعْبُدُ اٰبَاۗؤُنَا ۚ فَاْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ اِنْ كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۝

Qaaluu aji'tanaa lina'budallaaha wahdahuu wanadzara maa kaana ya'budu aabaa-unaa fa'tinaa bimaa ta'idunaa in kunta minash shaadiqiin.

71. Wangsulane Nabi Hud: "Yekti sira kabeh bakal nampa siksa lan bebendu saka ngarsaning Pangeranira. Apa sira padha ambantah marang aku perkara jeneng-jenenge brahala kang sira lan para leluhurira padha ngarani, ing mangka Allah ora anurunake katerangan bab perkara iku? Mula saka iku, sira kabeh padha ngentenana, satemene aku uga kalebu golongane kang wong ngenteni karo sira kabeh".

٧١- قَالَ قَدْ وَقَعَ عَلَيْكُمْ مِّنْ رَّبِّكُمْ رِجْسٌ وَّغَضَبٌ ۭ اَتُجَادِلُوْنَنِيْ فِيْٓ اَسْمَاۗءٍ سَمَّيْتُمُوْهَآ اَنْتُمْ وَاٰبَاۗؤُكُمْ مَّا نَزَّلَ اللّٰهُ بِهَا مِنْ سُلْطٰنٍ ۭ فَانْتَظِرُوْٓا اِنِّيْ مَعَكُمْ مِّنَ الْمُنْتَظِرِيْنَ ۝

Qaala qad waqa'a 'alaikum mir rabbikum rijsuw waghadhab, atujaadiluunanii fii asmaa-in sammaitumuuhaa antum wa aabaa-ukum maa nazzalallaahu bihaa min sulthaan, fantadziruu innii ma'akum minal muntazhiriin.

72. Sawuse iku, Ingsun banjur nylametake Nabi Hud, lan wong-wong kang padha ndherek kalawan entuk rakhmat saka ngarsan-Ingsun, lan Ingsun banjur anumpes wong kang padha dadi winih anggorohake ing ayat-ayatIngsun, lan dheweke iku ora kalebu golongane wong-wong kang padha mu'min.

٧٢ - فَأَنْجَيْنٰهُ وَالَّذِيْنَ مَعَهٗ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَقَطَعْنَا دَابِرَ
الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا وَمَا كَانُوْا مُؤْمِنِيْنَ ع ١٢

Fa-anjainaahu walladziina ma'ahuu bi-rahmatim minnaa waqatha'naa daabiral ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa wa-maa kaanuu mu'miniin.

Caritane Nabi Saleh a.s.

73. Lan Ingsun uga wus angutus marang kaum Tsamud, sadulure, yaiku Nabi Saleh. Dheweke ngandika marang kaume: "He kaumku! Sira padha manembaha marang Allah, ora ana Pangeran tumrap sira saliyane Panjenenga Ne piyambak. Yekti katerangan kang nyata, kabeh wus teka marang sira saka Pangeranira, yaiki onta-wadoning Allah kang dadi tandha yekti tumrap sira kabeh, onta-wadon iku ujanen bae, kareben mangan ana ing Bumining Allah, lan aja kongsi onta-wadon mau kok ganggu, mundhak sira kena siksa kang nglarani".

٧٣ - وَاِلٰى ثَمُوْدَ اَخَاهُمْ صٰلِحًا قَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ مَا
لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ غَيْرُهٗ ۗ قَدْ جَآءَتْكُمْ بَيِّنَةٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ ۗ
هٰذِهٖ نَاقَةُ اللّٰهِ لَكُمْ اٰيَةً فَذَرُوْهَا تَاْكُلْ فِيْٓ اَرْضِ
اللّٰهِ وَلَا تَمَسُّوْهَا بِسُوْٓءٍ فَيَاْخُذَكُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ٥

Wa-ilaa tsamuuda akhaahum shaalihan, qaala yaa qaumi'budullaaha maa lakum min ilaahin ghairuh, qad jaa-akum bayyinatum mir rabbikum, haadzihii naaqatullaahi lakum aayatan fadzaruu-haa ta'kul fii ardhillaahi walaa tamas-suuhaa bisuu-in faya'khudzakum 'adzaa-bun aliim.

74. Lan sira padha elinga ing nalika Panjenenga Ne Allah andamel sira kabeh dadi sesulihe, sawuse kaum 'Ad, lan Panjenenga Ne manggonake ing sira kabeh ana ing Bumi, sira padha iyasa pirang-pirang gedhong kang endah ana ing papan kang rata, lan sira padha natah gunung-gununge nganti dadi omah! Mula saka iku, sira padha elinga marang kani'mataning Allah, lan sira aja padha gawe rusak ana ing Bumi.

٧٤ - وَاذْكُرُوْٓا اِذْ جَعَلَكُمْ خُلَفَآءَ مِنْۢ بَعْدِ عَادٍ وَّبَوَّاَكُمْ
فِى الْاَرْضِ تَتَّخِذُوْنَ مِنْ سُهُوْلِهَا قُصُوْرًا وَّتَنْحِتُوْنَ
الْجِبَالَ بُيُوْتًا ۚ فَاذْكُرُوْٓا اٰلَآءَ اللّٰهِ وَلَا تَعْثَوْا فِى
الْاَرْضِ مُفْسِدِيْنَ ٥

Wadzkuruu idz ja'alakum khulafaa-a mim ba'di 'aadiw wabawwa-akum fil ardhi tattakhidzuuna min suhuulihaa qushuuraw watankhituunal jibaala bu-yuutan fadzkuruu aalaa-allaahi walaa ta'tsau fil ardhi mufsidiin.

75. Ature para luhur golongane Nabi Saleh kang padha ambeg gumedhe marang wong Mu'min kang lagi padha apes: "Apa sira kabeh padha mangerti manawa Nabi Saleh iki dadi Utusan saka PangeraNe?" Dheweke padha mangsuli: "Satemene kita kabeh marang apa wae kang diampil dening Nabi Saleh", padha percaya".

٧٥ - قَالَ الْمَلَاُ الَّذِيْنَ اسْتَكْبَرُوْا مِنْ قَوْمِهٖ لِلَّذِيْنَ
اسْتُضْعِفُوْا لِمَنْ اٰمَنَ مِنْهُمْ اَتَعْلَمُوْنَ اَنَّ صٰلِحًا
مُّرْسَلٌ مِّنْ رَّبِّهٖ ۗ قَالُوْٓا اِنَّا بِمَآ اُرْسِلَ بِهٖ مُؤْمِنُوْنَ ٥

Qaalal mala-ul ladziinastakbaruu min qaumihii lilladziinas tudh'ifuu liman aamana minhum ata'lamuuna anna shaa-liham mursalum mir rabbihi, qaaluu innaa bimaa ursila bihii mu'minuun.

76. Wong-wong kang padha ambeg gumedhe iku ngucap maneh: "Sanyata yen kita marang barang kang sira imanake iku ora percaya".

٧٦- قَالَ الَّذِيْنَ اسْتَكْبَرُوْٓا اِنَّا بِالَّذِيْٓ اٰمَنْتُمْ بِهٖ كٰفِرُوْنَ ۝

Qaalal ladziinas takbaruu innaa billadzii aamantum bihii kaafiruun.

77. Tumuli dheweke padha nyembeleh onta wadon mau, lan dheweke malah tumindak duraka wani nerjang dhawuhing Pangeran, kanthi ngucap: "He Nabi Saleh! Mangga kula aturi ndhatengaken siksa ingkang panjenengan janjekaken dhateng kita, yen nyata panjenengan punika pancen golonganipun para Utusan".

٧٧- فَعَقَرُوا النَّاقَةَ وَعَتَوْا عَنْ اَمْرِ رَبِّهِمْ وَقَالُوْا يٰصٰلِحُ ائْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ اِنْ كُنْتَ مِنَ الْمُرْسَلِيْنَ ۝

Fa'aqarun naaqata wa'atau 'an amri rabbihim wa qaaluu yaa shaalihu'tinaa bimaa ta'idunaa in kunta minal mursaliin.

78. Jalaran saka iku, dheweke padha kasiksa sarana lindhu gedhe, wusana dheweke padha mati jengkeng tur kaku, glimpangan ana ing sajeroning omahe.

٧٨- فَاَخَذَتْهُمُ الرَّجْفَةُ فَاَصْبَحُوْا فِيْ دَارِهِمْ جٰثِمِيْنَ ۝

Fa-akhadzat humur rajfatu fa-ashbahuu fii daarihim jaatsimiin.

79. Nabi Saleh banjur ninggal wong-wong (kang ora padha mati kalindhon) kanthi dhawuh: "He kaumku! Yekti aku wus nekakake Risalahing Pangeranku [375] marang sira kabeh, lan uga wus mituturi marang sira kabeh, ananging sira kabeh teka ora padha dhemen marang wong-wong kang aweh pitutur".

٧٩- فَتَوَلّٰى عَنْهُمْ وَقَالَ يٰقَوْمِ لَقَدْ اَبْلَغْتُكُمْ رِسَالَةَ رَبِّيْ وَنَصَحْتُ لَكُمْ وَلٰكِنْ لَّا تُحِبُّوْنَ النّٰصِحِيْنَ ۝

Fatawallaa 'anhum wa qaala yaa qaumi laqad ablaghtukum risaalata rabbii wa nashahtu lakum wa laakil laa tuhibbuunan naashihiin.

Caritane Nabi Luth a.s.

80. Lan Ingsun uga wus angutus Nabi Luth, elinga nalikane dheweke dhawuh marang kaume: "Apa patut sira padha nindakake laku jember, zina lanang padha lanang, kang durung tau ditindakake dening wong sijisijiya ing donya iki?"

٨٠- وَلُوْطًا اِذْ قَالَ لِقَوْمِهٖٓ اَتَاْتُوْنَ الْفَاحِشَةَ مَا سَبَقَكُمْ بِهَا مِنْ اَحَدٍ مِّنَ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Wa luuthan idz qaala liqaumihii ata'tuunal faakhisyata maa sabaqakum bihaa min ahadim minal 'aalamiin.

81. Sanyata sira kabeh wus padha nguja syahwat zina marang wong-wong lanang, ora marang wong-wong wadon, pancen sira kabeh iki kalebu golonganing wong kang padha ngliwati wates!

٨١- اِنَّكُمْ لَتَاْتُوْنَ الرِّجَالَ شَهْوَةً مِّنْ دُوْنِ النِّسَآءِ ۗ بَلْ اَنْتُمْ قَوْمٌ مُّسْرِفُوْنَ ۝

375). Risalahing Pangeran punika wiwit Nabi Adam a.s. dumugi Nabi Penutup Muhammad s.a.w. pokokipun sami, inggih punika: 1. Iman ing Allah s.w.t., 2. Nindakaken 'Ibadah lan Amal shaleh wonten ing 'alam Donya, 3. Pitados dinten Qiyamat badhe ngadhep sowan ing ngarsanipun Allah perlu nampi kaputusan Adil ingkang Akhir, lumebet Suwarga utawi kacemplungaken ing Naraka.

Innakum lata'tuunar rijaala syahwatam min duunin nisaa-i bal antum qaumum musrifuun.

82. Kaume Luth tanpa mangsuli kajaba mung angucap: "Tundhungen bahe Luth lan wong-wong kang padha nurut iku saka Negaranira kene, jeneh dheweke iku wong kok ambege sumuci-suci".

٨٢ - وَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهٖٓ اِلَّآ اَنْ قَالُوْٓا اَخْرِجُوْهُمْ مِّنْ قَرْيَتِكُمْ ۚ اِنَّهُمْ اُنَاسٌ يَّتَطَهَّرُوْنَ ۝

Wa maa kaana jawaaba qaumihii illaa an qaaluu akhrijuuhum min qaryatikum innahum unaasuy yatathahharuun.

83. Nuli Ingsun nylametake Luth lan wong-wong kang padha nurut, kajaba bojone, jalaran dheweke iku katut golongane wong-wong kang padha kari, disirnakake dening siksa!

٨٣ - فَاَنْجَيْنٰهُ وَاَهْلَهٗٓ اِلَّا امْرَاَتَهٗ ۖ كَانَتْ مِنَ الْغٰبِرِيْنَ ۝

Fa-anjainaahu wa ahlahuu illamra-atahuu kaanat minal ghaabiriin.

84. Lan Ingsun banjur nurunake udan watu lan lahar. Jalaran saka iku, coba delengen! kapriye kawusanane wong kang padha laku duraka!

٨٤ - وَاَمْطَرْنَا عَلَيْهِمْ مَّطَرًا ۚ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُجْرِمِيْنَ ۝ ع ١٠ ١٢ ١٤

Wa amtharnaa 'alaihim matharan fanzhur kaifa kaana 'aaqibatul mujrimiin.

Caritane Nabi Syu'aib a.s.

85. Lan Ingsun wus angutus marang wong-wong kang padha dedunung ing Mad-yan,[376] sadulure yaiku Syu'aib, dhawuhe marang kaume: "He kaumku! Sira padha manembaha ing Allah, ora ana Pangeran tumrap sira kajaba mung PanjenengaNe Allah piyambak. Sanyata wus tumeka marang sira kabeh, katerangan minangka bukti nyata saka Pangeranira, mula saka iku sira padha anyampurnakna anggonira padha naker lan nimbang, lan sira aja padha ngurangi (manipulasi) ing barang-barange wong akeh, sarta aja padha agawe rusak ana ing Bumi sawuse tata tentreme. Kang mangkono mau luwih becik tumrap sira kabeh, manawa nyata sira iku padha mu'min.

٨٥ - وَاِلٰى مَدْيَنَ اَخَاهُمْ شُعَيْبًا ۗ قَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ مَا لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ غَيْرُهٗ ۗ قَدْ جَآءَتْكُمْ بَيِّنَةٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ ۖ فَاَوْفُوا الْكَيْلَ وَالْمِيْزَانَ وَلَا تَبْخَسُوا النَّاسَ اَشْيَآءَهُمْ وَلَا تُفْسِدُوْا فِى الْاَرْضِ بَعْدَ اِصْلَاحِهَا ۗ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ۚ ۝

Wa ilaa madyana akhaahum syu'aiban, qaala yaa qaumi'budullaaha maa lakum min ilaahin ghairuh, qad jaa-atkum bayyinatum mir rabbikum fa-auful kaila wal miizaana walaa tabkhasun naasa asyyaa-ahum walaa tufsiduu fil ardhi ba'da ishlaahihaa, dzaalikum khairul lakum inkuntum mu'miniin.

376). Putranipun Nabi Ibrahim a.s. naminipun Mad-yan, lajeng dados nami kabilah (bangsa) saking putra wayahipun. Dunungipun wonten ing antawisipun pareden Sinai lan Seganten Abrit.

٨٦- وَلَا تَقْعُدُوا بِكُلِّ صِرَاطٍ تُوعِدُونَ وَتَصُدُّونَ
عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ مَنْ آمَنَ بِهِ وَتَبْغُونَهَا عِوَجًا
وَاذْكُرُوا إِذْ كُنْتُمْ قَلِيلًا فَكَثَّرَكُمْ وَانْظُرُوا كَيْفَ
كَانَ عَاقِبَةُ الْمُفْسِدِينَ ۝

Walaa taq'uduu bikulli shiraathin tuu-'iduuna wa tashudduuna 'an sabiilillaahi man aamana bihii wa tabtaghuunahaa 'iwajaw wazdkuruu idz kuntum qaliilan fakatstsarakum, wanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul mufsidiin.

86. Lan sira kabeh aja padha lelungguhan ana ing sadhengah dalan, mung perlu arep angganggu, utawa arep ngenggokake, marang wong kang iman ing dedalaning Allah, kang pamrihira supaya dedalaning Allah mau malenceng! Lan sira padha elinga ing nalika sira isih sathithik. PanjenengaNe Allah banjur ngakehake cacahira, lan sira padha ndelenga! kapriye mungguh kawusanane wong-wong kang padha agawe rusak?

٨٧- وَإِنْ كَانَ طَائِفَةٌ مِنْكُمْ آمَنُوا بِالَّذِي أُرْسِلْتُ
بِهِ وَطَائِفَةٌ لَمْ يُؤْمِنُوا فَاصْبِرُوا حَتَّى يَحْكُمَ اللَّهُ
بَيْنَنَا وَهُوَ خَيْرُ الْحَاكِمِينَ ۝

Wa-in kaana thaa-ifatum minkum aamanuu billadzii ursiltu bihii wa thaa-ifatul lam yu'minuu fashbiruu hattaa yahkumallaahu bainanaa wa huwa khairul haakimiin.

87. "Lan manawa ana sawijining golongan-ira padha iman ing Kitab kang ndak ampil iki, lan ana maneh sagolongan liyane ora padha iman, mangka sira padha sabara, nganti Allah mutusi hukume ana ing antarane kita, jalaran PanjenengaNe Allah iku sabecik-becike Pangeran kang Paring kaputusan hukum".

JUZ 9

٨٨- قَالَ الْمَلَأُ الَّذِينَ اسْتَكْبَرُوا مِنْ قَوْمِهِ لَنُخْرِجَنَّكَ
يَا شُعَيْبُ وَالَّذِينَ آمَنُوا مَعَكَ مِنْ قَرْيَتِنَا أَوْ لَتَعُودُنَّ
فِي مِلَّتِنَا قَالَ أَوَلَوْ كُنَّا كَارِهِينَ ۝

Qaalal mala-ul ladziinastakbaruu min qaumihii lanukhrijannaka yaa syu'aibu walladziina aamanuu ma'aka min qaryatinaa aulata'uudunna fii millatinaa, qaala awalau kunnaa kaarihiin.

88. Ature para luhur saka golongane Nabi Syu'aib kang padha gumedhe: "He Nabi Syu'aib! Panjenengan tuwin para pendherek Panjenengan, saestu badhe kula tundhung saking Negari kula! Utawi Panjenengan karsa wangsul ngrasuk Agami kula". Pangandikane Nabi Syu'aib: "Apa sira arep ambalekake kita marang Agamanira, ing mangka kita iki padha gething marang Agamanira?"

٨٩- قَدِ افْتَرَيْنَا عَلَى اللَّهِ كَذِبًا إِنْ عُدْنَا فِي مِلَّتِكُمْ بَعْدَ
إِذْ نَجَّانَا اللَّهُ مِنْهَا وَمَا يَكُونُ لَنَا أَنْ نَعُودَ فِيهَا
إِلَّا أَنْ يَشَاءَ اللَّهُ رَبُّنَا وَسِعَ رَبُّنَا كُلَّ شَيْءٍ عِلْمًا
عَلَى اللَّهِ تَوَكَّلْنَا رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا

89. Satemene kita wus padha agawe gegorohan ing Allah yen kita nganti padha bali ngrasuk Agamanira sawuse Allah anylametake kita saka Agamanira. Lan kita ora bakal padha bali ngrasuk Agamanira, kajaba manawa kakarsakake dening Allah Pangeran sesembahan kita. Elinga 'ilmune Allah iku jembar bawera tur ngawuningani sakehing

barang. Marang ngarsaning Allah Pangeran sesembahan kita, kita padha pasrah! Dhuh Pangeran kita! Mugi Paduka paring kaputusan hukum kanthi leres, ing antawis kita lan antawisipun kaum kita, jalaran Paduka pribadi sae-saening Pangeran sesembahan ingkang mutusi!"

بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ ۝

Qadiftarainaa 'alallaahi kadziban in 'udnaa fii millatikum ba'da idz najjaanallaahu minhaa, wamaa yakuunu lanaa an na'uuda fiihaa illaa ay yasyaa-allaahu rabbunaa, wasi'a rabbunaa kulla syai-in 'ilman 'alallaahi tawakkalnaa, rabbanaftah bainanaa wa baina qauminaa bil haqqi wa anta khairul faatihiin.

90. Ature para Panuntuning kaume Nabi Syu'aib kang padha kafir, tumuju marang kanca-kancane: "Sanyata manawa sira nganti padha kapilut manut Agamane Nabi Syu'aib, yekti sira kabeh iku padha kapitunan".

٩٠- وَقَالَ الْمَلَأُ الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ قَوْمِهِ لَئِنِ اتَّبَعْتُمْ شُعَيْبًا إِنَّكُمْ إِذًا لَخَاسِرُونَ ۝

Wa qaalal mala-ul ladziina kafaruu min qaumihii la-inittaba'tum syu'aiban innakum idzal lakhaasiruun.

91. Mangka wong-wong mau banjur padha kasiksa sarana lindhu-gedhe, tumuli padha mati jengkeng tur kaku pating galimpung ana ing sajeroning omahe.

٩١- فَأَخَذَتْهُمُ الرَّجْفَةُ فَأَصْبَحُوا فِي دَارِهِمْ جَاثِمِينَ ۝

Fa-akhadzat humur rajfatu fa-ashbahuu fii daarihim jaatsimiin.

92. Anggegirisi banget lindhu-gedhe mau, nganti wong-wong kang padha anggorohake Nabi Syu'aib iku gumun kaya-kaya durung tau padha manggon ana ing Negara kono. Wong-wong kang padha maido Nabi Syu'aib, yaiku kang padha kapitunan!

٩٢- الَّذِينَ كَذَّبُوا شُعَيْبًا كَأَنْ لَمْ يَغْنَوْا فِيهَا الَّذِينَ كَذَّبُوا شُعَيْبًا كَانُوا هُمُ الْخَاسِرِينَ ۝

Alladziina kadzdzabuu syu'aiban ka-allam yaghnau fiihal ladziina kadzdzabuu syu'aiban kaanuu humul khaasiriin.

93. Tumuli Nabi Syu'aib ninggal lunga wong-wong mau, ngandikane: "Sanyata aku wus netepi dhawuhing Pangeran sesembahanku nenuntun marang sira kabeh, sarta aku wus aweh nasehat, iguh-pratikel marang sira kabeh, banjur apa perlune yen aku ndadak nyedhihi wong-wong kang padha kafir?"

٩٣- فَتَوَلَّى عَنْهُمْ وَقَالَ يَا قَوْمِ لَقَدْ أَبْلَغْتُكُمْ رِسَالَاتِ رَبِّي وَنَصَحْتُ لَكُمْ فَكَيْفَ آسَى عَلَى قَوْمٍ كَافِرِينَ ۝

Fatawallaa 'anhum wa qaala yaa qaumi laqad ablaghtukum risaalaati rabbii wa nashahtu lakum fakaifa aasaa 'alaa qaumin kaafiriin.

94. Lan Ingsun ora ngutus Nabi ana ing sawijining Nagara, kajaba Ingsun mesthi nyoba (neter) wong-wong kang ana ing kono kalawan kasusahan lan kamelaratan, supaya dheweke iku banjur padha gelem andhap asor dhedhepe ing Allah.

٩٤- وَمَا أَرْسَلْنَا فِي قَرْيَةٍ مِنْ نَبِيٍّ إِلَّا أَخَذْنَا أَهْلَهَا بِالْبَأْسَاءِ وَالضَّرَّاءِ لَعَلَّهُمْ يَضَّرَّعُونَ ۝

Wamaa arsalnaa fii qaryatim min nabiyyin illaa akhadznaa ahlahaa bil ba'saa-i wadhdharraa-i la'allahum yadhdharra'uun.

95. Tumuli cecobanIngsun kang ala mau, Ingsun ganti kalawan coba kasenengan nganti (keturunan lan bandhane) tambah akeh. Banjur padha angucap: "Wong-wong tuwa kita hiya wus padha dicoba kasusahan lan kamelaratan kaya mangkene iki! (Dadi pancen wus lumrah!) Ingsun banjur matrapi paukuman marang wong-wong mau, kalawan ngeget lan dadakan, lan dheweke ora padha mangerti, saka ngendi sangkan parane".

٩٥- ثُمَّ بَدَّلْنَا مَكَانَ السَّيِّئَةِ الْحَسَنَةَ حَتَّىٰ عَفَوا وَّقَالُوا
قَدْ مَسَّ اٰبَآءَنَا الضَّرَّآءُ وَالسَّرَّآءُ فَاَخَذْنٰهُمْ بَغْتَةً
وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

Tsumma baddalnaa makaanas sayyi-atil hasanata hattaa 'afau wa qaaluu qad massa aabaa-anadh dharraa-u wassarraa-u fa-akhadznaahum baghtataw wahum laa yasy'uruun.

96. Mangka saupama wong-wong penduduking Negara mau padha gelem iman lan taqwa ing Allah, sayekti dheweke Ingsun bukakake berkah saka ing Langit lan Bumi, ananging bareng dheweke malah padha anggorohake. Ingsun banjur matrapi paukuman marang wong-wong mau, sabab saka tingkah lakune kang wus padha ditindakake.

٩٦- وَلَوْ اَنَّ اَهْلَ الْقُرٰٓى اٰمَنُوْا وَاتَّقَوْا لَفَتَحْنَا عَلَيْهِمْ
بَرَكٰتٍ مِّنَ السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ وَلٰكِنْ كَذَّبُوْا فَاَخَذْنٰهُمْ
بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ۝

Walau anna ahlal quraa aamanuu wattaqau lafatahnaa 'alaihim barakaatim minas samaa-i wal ardhi walakin kadzdzabuu fa-akhadznaahum bimaa kaanuu yaksibuun.

97. Apa wong-wong penduduk Negara iku wus padha rumangsa aman santosa ayem lan tentrem manawa siksanIngsun teka marang dheweke ana ing wayah bengi lan wong-wong mau pinuju turu?

٩٧- اَفَاَمِنَ اَهْلُ الْقُرٰٓى اَنْ يَّاْتِيَهُمْ بَاْسُنَا بَيَاتًا وَّهُمْ نَآئِمُوْنَ ۝

Afa-amina ahlul quraa ay ya'tiyahum ba'sunaa bayaataw wahum naa'imuun.

98. Utawa apa wong-wong penduduk Negara mau rumangsa aman santosa, ayem lan tentrem, manawa siksanIngsun teka marang dheweke esuk-esuk wayahe, lan dheweke pinuju mung dolanan wae?

٩٨- اَوَاَمِنَ اَهْلُ الْقُرٰٓى اَنْ يَّاْتِيَهُمْ بَاْسُنَا ضُحًى وَّهُمْ يَلْعَبُوْنَ ۝

Awa-amina ahlul quraa ay ya'tiyahum ba'sunaa dhuhaw wahum yal'abuun.

99. Apa dheweke iku padha duwe kira bisa sumingkir saka pangrekaning Allah? Mangka ora ana kang rumangsa aman saka pangrekaning Allah, kajaba wong kang padha kapitunan.

٩٩- اَفَاَمِنُوْا مَكْرَ اللّٰهِ فَلَا يَاْمَنُ مَكْرَ اللّٰهِ اِلَّا الْقَوْمُ
الْخٰسِرُوْنَ ۝

Afa-aminuu makrallaahi falaa ya'manu makrallaahi illal qaumul khaasiruun.

100. Apa durung padha kanyatan mungguhing wong-wong kang maris Negara, ba'dane sing nduweni Negara mau, iku manawa Ingsun karsa, Ingsun bisa angrusak wong-wong mau jalaran saka dosane. Sarta Ingsun banjur angecap ing atine wong-wong mau, nganti dheweke ora padha bisa ngrungokake.

١٠٠- اَوَلَمْ يَهْدِ لِلَّذِيْنَ يَرِثُوْنَ الْاَرْضَ مِنْۢ بَعْدِ اَهْلِهَآ
اَنْ لَّوْ نَشَآءُ اَصَبْنٰهُمْ بِذُنُوْبِهِمْ ۚ وَنَطْبَعُ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ
فَهُمْ لَا يَسْمَعُوْنَ ۝

Awalam yahdi lilladziina yaritsuunal ardha mim ba'di ahlihaa al lau nasyaa-u ashabnaahum bidzunuubihim wanathba-'u 'alaa quluubihim fahum laa yasma-'uun.

101. Negarane wong-wong kang Ingsun sirnakake iku, Ingsun caritakake marang sira Muhammad: sebageyan saka sejarahe, yekti para andika Rasul wus rawuh marang wong-wong mau kanthi ngampil tandha yekti kang terang, ananging dheweke ora padha gelem iman. Marga anggone wus anggorohake ing kitab iku wiwit sadurunge biyen, kang mangkono mau Allah ngecap atine wong-wong kang padha kafir.

١٠١- تِلْكَ الْقُرٰى نَقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ اَنْۢبَآئِهَا ۚ وَ لَقَدْ
جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ ۚ فَمَا كَانُوْا لِيُؤْمِنُوْا بِمَا
كَذَّبُوْا مِنْ قَبْلُ ۚ كَذٰلِكَ يَطْبَعُ اللّٰهُ عَلٰى قُلُوْبِ
الْكٰفِرِيْنَ ۝

Tilkal quraa naqushshu 'alaika min ambaa-ihaa walaqad jaa-at-hum rusuluhum bil bayyinaati famaa kaanuu liyu'minuu bimaa kadzdzabuu min qablu, kadzaalika yathba'ullaahu 'alaa quluubil kaafiriin.

102. Lan Ingsun durung tau mrangguli wong-wong mau padha nuhoni janji, ananging kang Ingsun temu akeh-akehe wong mau padha duraka.

١٠٢- وَ مَا وَجَدْنَا لِاَكْثَرِهِمْ مِّنْ عَهْدٍ ۚ وَ اِنْ وَّجَدْنَآ
اَكْثَرَهُمْ لَفٰسِقِيْنَ ۝

Wamaa wajadnaa li-aktsarihim min 'ahdin, wa iw wajadnaa aktsarahum lafaasiqiin.

Sejarah Nabi Musa a.s.

103. Sapungkure wong-wong mau, tumuli Ingsun angutus Rasul yaiku Nabi Musa, kanthi ngampil ayat tandha yektinIngsun marang raja Fir'aun[377] sawadyabalane, ing mangka wong-wong mau padha ambeg nganiaya marga saka ayat iku, ora padha gelem iman. Mula padha delengen! Kapriye kawusanane wong-wong kang padha agawe rusak?

١٠٣- ثُمَّ بَعَثْنَا مِنْۢ بَعْدِهِمْ مُّوْسٰى بِاٰيٰتِنَآ اِلٰى فِرْعَوْنَ
وَ مَلَا۟ئِهٖ فَظَلَمُوْا بِهَا ۚ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ
الْمُفْسِدِيْنَ ۝

Tsumma ba'atsnaa mim ba'dihim muusaa bi-aayaatinaa ilaa fir'auna wamalaaihii fazhalamuu bihaa fanzhur kaifa kaana 'aaqibatul mufsidiin.

104. Nabi Musa ngandika: "Dhuh Fir'aun! Saestunipun kula punika Utusan saking ngarsanipun Pangeran, sesembahan ingkang Mangerani sadaya 'alam".

١٠٤- وَ قَالَ مُوْسٰى يٰفِرْعَوْنُ اِنِّيْ رَسُوْلٌ مِّنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Wa qaala muusaa yaa fir'aunu innii rasuulum mir rabbil 'aalamiin.

377). Fir'aun punika gelar kagem Raja Raja Mesir ing jaman samanten. Dene ing zamanipun Nabi Musa a.s. asmanipun Raja Menephthah (1232 dumugi 1224 saderengipun 'Isa a.s.) putra saking Raja Ramses II, makaten ujaring ahli Sejarah Donya.

105. "Sayektos kula boten ngaturaken bab Allah, kajawi namung saleresipun, yektos sowan kula wonten ngarsa panjenengan kanthi ayat tandha yekti saking Pangeran sesembahan panjenengan, mila mugi panjenengan lajeng ngluwari Bani Israil, medal saking Mesir kaliyan kula!"

١٠٥ - حَقِيقٌ عَلَىٰٓ أَنْ لَّآ أَقُوْلَ عَلَى اللّٰهِ إِلَّا الْحَقَّ قَدْ جِئْتُكُمْ بِبَيِّنَةٍ مِّنْ رَّبِّكُمْ فَأَرْسِلْ مَعِيَ بَنِيٓ إِسْرَآءِيْلَ ۝

Haqiiqun 'alaa allaa aquula 'alallaahi ilal haqqa qad ji'tukum bibayyinatim mir rabbikum fa-arsil ma'iya banii israa-iil.

106. Dhawuhing Fir'aun: "Manawa sira anggawa ayat tandha yekti, mara coba tekakna mrene, yen nyata sira iku kalebu golongane wong kang padha temen!"

١٠٦ - قَالَ إِنْ كُنْتَ جِئْتَ بِاٰيَةٍ فَأْتِ بِهَآ إِنْ كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۝

Qaala in kunta ji'ta bi-aayatin fa'ti bihaa in kunta minash shaadiqiin.

107. Nabi Musa banjur nguncalake tekene, ndilalah dadakan banjur dadi ula temenan.

١٠٧ - فَأَلْقٰى عَصَاهُ فَإِذَا هِيَ ثُعْبَانٌ مُّبِيْنٌ ۝

Fa-alqaa 'ashaahu fa-idzaa hiya tsu'baanum mubiin.

108. Panjenengane Nabi Musa nuli ngetokake astane, dumadakan banjur katon putih memplak mencorong, tumrap wong kang padha andeleng!

١٠٨ - وَنَزَعَ يَدَهُ فَإِذَا هِيَ بَيْضَآءُ لِلنّٰظِرِيْنَ ۝

Wanaza'a yadahuu fa-idzaa hiya baidhaa-u lin naazhiriin.

109. Ature para leluhuring golongane Fir'aun: "Sayektos Musa punika juru sihir ingkang peng-pengan!"

١٠٩ - قَالَ الْمَلَأُ مِنْ قَوْمِ فِرْعَوْنَ إِنَّ هٰذَا لَسٰحِرٌ عَلِيْمٌ ۝

Qaalal mala-u min qaumi fir'auna inna haadzaa lasaahirun 'aliim.

110. "Raja Fir'aun, piyambakipun badhe ngedalaken panjenengan, saking Negari panjenengan. Sarehning perkawis punika sampun terang, ing sapunika lajeng punapa ingkang badhe panjenengan dhawuhaken dhateng kita?"

١١٠ - يُرِيْدُ أَنْ يُّخْرِجَكُمْ مِّنْ أَرْضِكُمْ فَمَاذَا تَأْمُرُوْنَ ۝

Yuriidu ay yukhrijakum min ardhikum famaadzaa ta'muruun.

111. Wong-wong iku padha matur maneh: "Dhuh raja Fir'aun! Panjenengan mugi karsa nyarantosaken Nabi Musa lan Nabi Harun, ingkang prayogi panjenengan lajeng utusan ngempalaken tiyang-tiyang saking Negari ing pundi-pundi!"

١١١ - قَالُوْٓا أَرْجِهْ وَأَخَاهُ وَأَرْسِلْ فِي الْمَدَآئِنِ حٰشِرِيْنَ ۝

Qaaluu arjih wa-akhaahu wa-arsil fil madaa-ini haasyiriin.

112. "Supados piyambakipun sami nyowanaken sadaya juru sihir ingkang peng-pengan wonten ngarsa panjenengan".

١١٢ - يَأْتُوْكَ بِكُلِّ سَحّٰرٍ عَلِيْمٍ ۝

Ya'tuuka bikulli saahirin 'aliim.

113. Tumuli juru sihir mau padha sowan ngadhep raja Fir'aun, ature: "Manawi kita ingkang menang, kita harak badhe sami angsal ganjaran?"

١١٣ - وَجَآءَ السَّحَرَةُ فِرْعَوْنَ قَالُوٓا إِنَّ لَنَا لَأَجْرًا إِن كُنَّا نَحْنُ الْغَٰلِبِينَ ۝

Wajaa-as saharatu fir'auna qaaluu inna lanaa la-ajran in kunnaa nahnul ghaalibiin.

114. Dhawuhe Fir'aun: "Hiya, lan sira mesthi bakal padha kacedhak ing ngarsaku!"

١١٤ - قَالَ نَعَمْ وَإِنَّكُمْ لَمِنَ الْمُقَرَّبِينَ ۝

Qaala na'am wa innakum laminal muqarrabiin.

115. Wong-wong mau padha ngucap: "He Musa! Sapa kang nguncalake tekene dhisik, kowe apa aku!"

١١٥ - قَالُوا يَٰمُوسَىٰٓ إِمَّآ أَن تُلْقِىَ وَإِمَّآ أَن نَّكُونَ نَحْنُ الْمُلْقِينَ ۝

Qaaluu yaa muusaa immaa an tulqiya wa immaa annakunna nahnul mulqiin.

116. Ngandikane Musa: "Kowe padha nguncalna dhisik!" Mangka bareng juru sihir mau wus padha nguncalake, padha anyihir pandelenge wong-wong akeh, lan uga memedeni marang dheweke, sarta juru sihir mau banjur nekakake 'ilmu sihir kang agung.

١١٦ - قَالَ أَلْقُوا۟ ۖ فَلَمَّآ أَلْقَوْا۟ سَحَرُوٓا۟ أَعْيُنَ ٱلنَّاسِ وَٱسْتَرْهَبُوهُمْ وَجَآءُو بِسِحْرٍ عَظِيمٍ ۝

Qaala alquu, falammaa alqau saharuu a'yunan naasi wastarhabuuhum wajaauu bisihrin 'azhiim.

117. Ingsun banjur paring dhawuh marang Musa: "He Musa, sira nguncalna tekenira!", dumadakan teken mau sanalika dadi ula kang nguntali kabeh sesihirane wong-wong mau.

١١٧ - وَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنْ أَلْقِ عَصَاكَ ۖ فَإِذَا هِىَ تَلْقَفُ مَا يَأْفِكُونَ ۝

Wa-auhainaa ilaa muusaa an alqi 'ashaaka fa-idzaa hiya talqafu maa ya'fikuun.

118. Tumuli cetha wela-wela, lan tetep barang kang bener, sarta nyata rusak apa kang padha disihirake dening wong-wong mau.

١١٨ - فَوَقَعَ ٱلْحَقُّ وَبَطَلَ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ۝

Fawaqa'al haqqu wabathala maa kaanuu ya'maluun.

119. Kabeh juru sihir mau padha dikalahake dening Musa, sarta padha bali dadi ina.

١١٩ - فَغُلِبُوا۟ هُنَالِكَ وَٱنقَلَبُوا۟ صَٰغِرِينَ ۝

Faghulibuu hunaalika wanqalabuu shaaghiriin.

120. Tumuli juru sihir mau padha sujud ana ing sangarepe Nabi Musa.[378]

١٢٠- وَأُلْقِيَ السَّحَرَةُ سَٰجِدِينَ ۝

Wa-ulqiyas saharatu saajidiin.

121. Ature wong-wong mau: "Sapunika kita sampun sami iman dhateng Pangeran sesembahanipun tiyang sa'alam sajagad rat".

١٢١- قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا بِرَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ۝

Qaaluu aamannaa birabbil 'aalamiin.

122. "Inggih punika Pangeran sesembahanipun Nabi Musa lan Nabi Harun".

١٢٢- رَبِّ مُوسَىٰ وَهَٰرُونَ ۝

Rabbi muusaa wa haaruun.

123. Dhawuhe Fir'aun: "Apa sira padha iman marang Musa, sadurunge ingsun paring palilah marang sira kabeh? Yen ngono yekti iki kabeh mung pangreka kang padha sira reka-reka, sarta sira rembug ana ing Negara iki, pamrihe supaya sira bisa nundhung wong-wong saka Negarane, nuli omah-omahe arep padha sira enggoni, hiyoh, sira kabeh bakal weruh dhewe".

١٢٣- قَالَ فِرْعَوْنُ ءَامَنتُم بِهِۦ قَبْلَ أَنْ ءَاذَنَ لَكُمْ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَمَكْرٌ مَّكَرْتُمُوهُ فِى ٱلْمَدِينَةِ لِتُخْرِجُوا۟ مِنْهَآ أَهْلَهَا ۖ فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ۝

Qaala fir'aunu aamantum bihii qabla an aadzana lakum inna haadzaa lamakrum makartumuuhu fil madiinati litukhrijuu minhaa ahlahaa fasaufa ta'lamuun.

124. "Yekti ingsun bakal ngethok tangan lan sikilira[379] kaselang-seling, tumuli sira kabeh mesthi bakal ingsun salib!"

١٢٤- لَأُقَطِّعَنَّ أَيْدِيَكُمْ وَأَرْجُلَكُم مِّنْ خِلَٰفٍ ثُمَّ لَأُصَلِّبَنَّكُمْ أَجْمَعِينَ ۝

La-uqaththi'anna aidyakum wa arjulakum min khilaafin tsumma la-ushallibannakum ajma'iin.

125. Ature para juru sihir: "Sayektos kita sadaya punika sami badhe sowan wonten ngarsaning Pangeran sesembahan kita!"

١٢٥- قَالُوٓا۟ إِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا مُنقَلِبُونَ ۝

Qaaluu innaa ilaa rabbinaa munqalibuun.

126. "Lan panjenengan boten saged nyiksa ing kita, kajawi namung sebab anggen kita sami iman dhateng ayating Pangeran sesembahan kita! Mugi Paduka angesokna kasabaran dhateng kita, tuwin mugi Paduka mejahana ing kita kagolongaken tetiyang ingkang sami pasrah-tawakkal".

١٢٦- وَمَا تَنقِمُ مِنَّآ إِلَّآ أَنْ ءَامَنَّا بِـَٔايَٰتِ رَبِّنَا لَمَّا جَآءَتْنَا ۚ رَبَّنَآ أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَتَوَفَّنَا مُسْلِمِينَ ۝

Wamaa tanqimuu minnaa illaa an aamannaa bi-aayaati rabbinaa lammaa jaa-at naa rabbanaa afrigh 'alainaa shabraw wa tawaffanaa muslimiin.

---

378). Para juru sihir sami yakin kaleresanipun Nabi Musa a.s. lajeng sami sujud ing ngarsaning Allah s.w.t., sarta anekseni bilih Panjenenganipun Nabi Musa sanes ahli sihir kados piyambakipun.

379). Maksudipun, tangan tengen lan suku kiwa, utawi kosok wangsulipun.

127. Ature para leluhur golongane Fir'aun: "Punapa panjenengan punika namung badhe angendelaken kemawon dhateng Musa sagolonganipun, ingkang sumadya badhe damel risak wonten ing Bumi, lan badhe anilar panjenengan sarta sesembahan panjenengan?" Pangandikane raja Fir'aun: "Ingsun bakal mateni anak-anake wong Bani Israil kang lanang, lan nguripi kang wadon. 380) Satemene ingsun bakal murba-meksa marang wong iku kabeh".

١٢٧- وَقَالَ الْمَلَأُ مِنْ قَوْمِ فِرْعَوْنَ اَتَذَرُ مُوْسٰى وَقَوْمَهٗ
لِيُفْسِدُوْا فِى الْاَرْضِ وَيَذَرَكَ وَاٰلِهَتَكَ ۭ قَالَ
سَنُقَتِّلُ اَبْنَاۗءَهُمْ وَنَسْتَحْيٖ نِسَاۗءَهُمْ ۚ وَاِنَّا فَوْقَهُمْ
قٰهِرُوْنَ ۝

Wa qaalal mala-u min qaumin fir'auna atadzaru muusaa wa qaumahuu liyufsiduu fil ardhi wa yadzaraka wa aalihatak, qaala sanuqattilu abnaa-ahum wa nastahyii nisaa-ahum wa innaa fauqahum qaahiruun.

128. Dhawuhing Nabi Musa marang kaume: "Sira padha nyuwuna pitulung marang Allah, lan sing padha sabar, sanyata Bumi iku kagunganing Allah. PanjenengaNe maringake Bumi iku marang kawulane kang dadi kaparenging karsaNe. Wusana pungkasan kang becik iku mesthi tetep marang wong-wong kang padha taqwa ing Allah".

١٢٨- قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهِ اسْتَعِيْنُوْا بِاللّٰهِ وَاصْبِرُوْا ۚ اِنَّ
الْاَرْضَ لِلّٰهِ ۙ يُوْرِثُهَا مَنْ يَّشَاۗءُ مِنْ عِبَادِهٖ ۭ وَ
الْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِيْنَ ۝

Qaala muusaa liqaumihista'iinuu billaahi washbiruu innal ardha lillaahi yuuritsuhaa may yasyaa-u min 'ibaadihii wal 'aaqibatu lil muttaqiin.

129. Kaume Nabi Musa munjuk atur: "Kita sampun sami dipun serikaken dening Fir'aun, sadereng panjenengan rawuh ing ngriki, lan ugi sasampunipun rawuh kautus!" Nabi Musa ngendika: "Muga-muga Pangeran sesembahanira numpes mungsuhira, lan muga-muga PanjenengaNe andadekake sira kabeh nyulihi ana ing Bumi, 381) mangertia Allah bakal amriksani kapriye tumindakira. 382)

١٢٩- قَالُوْٓا اُوْذِيْنَا مِنْ قَبْلِ اَنْ تَاْتِيَنَا وَمِنْۢ بَعْدِ مَا
جِئْتَنَا ۭ قَالَ عَسٰى رَبُّكُمْ اَنْ يُّهْلِكَ عَدُوَّكُمْ وَ
يَسْتَخْلِفَكُمْ فِى الْاَرْضِ فَيَنْظُرَ كَيْفَ تَعْمَلُوْنَ ۝

Qaaluu uudziinaa min qabli an ta'tiyanaa wa mim ba'di maa ji'tanaa, qaala 'asaa rabbukum ay yuhlika 'aduwwakum wa yastakhlifakum fil ardhi fayanzhura kaifa ta'maluun.

---

380). Panci namung badhe dados karibedan ing masyarakat, manawi cacahipun tiyang estri langkung kathah tinimbang tiyang jaler.

381). Ummatipun Nabi Musa sesambat bilih sampun ngrasuk Agamining Allah lan ucul saking penjajahan Fir'aun, nanging kenging punapa nasibipun tasih makaten? Punika anedahaken mental perjoanganipun kekes lan jiwa cebol! jiwa budhak!
Dados khalifah utawi sesulih ing Bumi (Tanah Air) punika tanggeljawabipun awrat lan ageng sanget, sabab hasil kani'mataning kamardikan wonten Nagarinipun piyambak punika ugi sakalangkung gemah ripah loh jinawi, ananging ingkang ngasta panguwaos bang-bang lum-aluming praja (Pamarentah) ugi kedah ber budi bawa laksana, sarta tumindak sarwa adil!

382). Maksudipun Allah s.w.t. badhe amriksani lan paring pengadilan akhir dhumateng sintena kemawon ingkang ngasta pusaraning praja; ingkang tumindak adil, badhe pinaringan Sih karakhmataning Allah, Negarinipun tata tentrem karta lan raharja, dene manawi ingkang kawogan tumindak adigang adigung adiguna, inggih badhe risak karaharjaning Negari, lan Gusti Allah badhe matrapaken bebendu.

130. Sayekti Ingsun wus ngukum Fir'aun sakawula wargane kalawan larang pangan paceklik tekan pirang-pirang tahun lawase, lan uga kurange woh-wohan, supaya dheweke padha bisa antuk pepeling..

١٣٠- وَلَقَدْ أَخَذْنَآ اٰلَ فِرْعَوْنَ بِالسِّنِيْنَ وَنَقْصٍ مِّنَ الثَّمَرٰتِ لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُوْنَ ۝

Wa laqad akhadznaa 'alaa fir'auna bissiniina wa naqsim minats tsamaraati la'allahum yadzdzakkaruun.

131. Manawa wong-wong mau padha pinaringan kabecikan pangucape mangkene: "Lha yaiki sing patut kanggo kita!" Ananging manawa padha kataman ala, banjur padha anyalahake marang Nabi Musa, lan para pandhereke. Mangertia, manawa sialing nasib iku katemtokake Allah piyambak, ananging akeh akehing wong-wong mau ora padha mangerti".

١٣١- فَإِذَا جَآءَتْهُمُ الْحَسَنَةُ قَالُوْا لَنَا هٰذِهٖ ۚ وَإِنْ تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌ يَّطَّيَّرُوْا بِمُوْسٰى وَمَنْ مَّعَهٗ ۗ أَلَآ إِنَّمَا طٰٓئِرُهُمْ عِنْدَ اللّٰهِ وَلٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Fa-idzaa jaa-at-humul hasanatu qaaluu lanaa haadzihii wa-in tushibhum sayyi-a tuy yuththayyaruu bi muusaa wa mam ma'ah, alaa innamaa thaa-iruhum 'indallaahi walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

132. Wong-wong mau padha matur: "Dhuh Musa! Ing saben-saben panjenengan andhatengaken mu'jizat dhumateng kita ingkang panjenengan agem nyihir paningal kita, kita boten badhe pitados dhateng panjenengan".

١٣٢- وَقَالُوْا مَهْمَا تَأْتِنَا بِهٖ مِنْ اٰيَةٍ لِّتَسْحَرَنَا بِهَا ۙ فَمَا نَحْنُ لَكَ بِمُؤْمِنِيْنَ ۝

Wa qaaluu mahmaa ta'tinaa bihii min aayatin litas-haranaa bihaa famaa nahnu laka bimu'miniin.

133. Tumuli Ingsun angutus ngrusak marang wong-wong mau sarana angin-topan lan udan deres, walang, tuma, lan kodhok kang padha ngebaki omahe, sarta getih kang campur banyu mau, minangka dadi tandha yekti kang terang, ewa semono wong-wong mau tetep anggone isih padha gumedhe, lan dheweke iku kalebu wong-wong kang padha dosa gedhe.

١٣٣- فَأَرْسَلْنَا عَلَيْهِمُ الطُّوْفَانَ وَالْجَرَادَ وَالْقُمَّلَ وَالضَّفَادِعَ وَالدَّمَ اٰيٰتٍ مُّفَصَّلٰتٍ فَاسْتَكْبَرُوْا وَكَانُوْا قَوْمًا مُّجْرِمِيْنَ ۝

Fa-arsalnaa 'alaihimuth thuufaana wal jaraada wal kummala wadhdhafaadi'a waddama aayaatim mufashshalaatin fastakbaruu wa kaanuu qaumam mujrimiin.

134. Bareng wong-wong mau padha kapatrapan siksa, dheweke padha matur: 383) "Dhuh Nabi Musa! Panjenengan mugi nyuwunaken dhumateng Pangeran panjenengan kangge kita, kalayan barang ingkang kajanjekaken dhumateng panjenengan. Ing mangke

١٣٤- وَلَمَّا وَقَعَ عَلَيْهِمُ الرِّجْزُ قَالُوْا يٰمُوْسَى ادْعُ لَنَا رَبَّكَ بِمَا عَهِدَ عِنْدَكَ ۚ لَئِنْ كَشَفْتَ عَنَّا الرِّجْزَ لَنُؤْمِنَنَّ لَكَ وَلَنُرْسِلَنَّ مَعَكَ بَنِيْٓ إِسْرَآءِيْلَ ۚ ۝

383). Sabab piyambakipun sampun sami mangertos bilih Musa a.s. sampun pinaringan Kanugrahan dados Nabi, pramila lajeng sami nyuwun tulung supados Nabi Musa a.s. kersa dados lantaraning panuwun dhumateng Allah.

manawi panjenengan saged ambengkas bebaya saking kita, tamtu kita sadaya badhe sami pitados dhumateng panjenengan, lan kita badhe ngluwari tiyang Bani Israil kaliyan panjenengan".

Walammaa waqa'a 'alaihimur rijzu qaaluu yaa muusad'u lanaa rabbaka bimaa 'ahida 'indaka la-in kasyafta a'annar rijza lanu'minanna laka wa lanursilanna ma'aka banii israa-iil.

135. Bareng Ingsun wus angilangake siksane wong-wong mau nganti tumeka mangsa kang katamtokake, dumadakan wong-wong mau malah padha ngungkiri janjine.

١٣٥- فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُمُ الرِّجْزَ إِلَىٰ أَجَلٍ هُمْ بَٰلِغُوهُ
إِذَا هُمْ يَنكُثُونَ ۝

Falammaa kasyafnaa 'anhumur rijza ilaa ajalin hum baalighuuhu idzaa hum yankutsuun.

136. Ingsun banjur nyiksa marang wong-wong mau sarana Ingsun blebegake ana ing Sagara, jalaran anggone wus padha anggorohake ayat-ayatIngsun, sarta anggone wus padha anglirwakake marang ayat-ayatIngsun iku.

١٣٦- فَٱنتَقَمْنَا مِنْهُمْ فَأَغْرَقْنَٰهُمْ فِى ٱلْيَمِّ بِأَنَّهُمْ كَذَّبُوا۟
بِـَٔايَٰتِنَا وَكَانُوا۟ عَنْهَا غَٰفِلِينَ ۝

Fantaqamnaa min hum fa-aghraqnaahum fil yammi bi-annahum kadzdzabuu bi aayaatinaa wakaanuu 'anhaa ghaafiliin.

137. Lan Ingsun banjur marisake marang wong-wong kang maune padha apes ditindhes, Bumi kang sisih wetan lan Bumi[384] kang sisih kulon (negara Syam) kang Ingsun berkahi, lan wus sampurna kalimahing Pangeranira kang becik, tumraping Bani Israil jalaran saka anggone padha sabar, lan Ingsun sirnakake apa kang digawe dening Fir'aun lan kaume, sarta apa bae kang padha diedegake. [385]

١٣٧- وَأَوْرَثْنَا ٱلْقَوْمَ ٱلَّذِينَ كَانُوا۟ يُسْتَضْعَفُونَ مَشَٰرِقَ
ٱلْأَرْضِ وَمَغَٰرِبَهَا ٱلَّتِى بَٰرَكْنَا فِيهَا ۖ وَتَمَّتْ
كَلِمَتُ رَبِّكَ ٱلْحُسْنَىٰ عَلَىٰ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ۖ بِمَا صَبَرُوا۟ ۖ
وَدَمَّرْنَا مَا كَانَ يَصْنَعُ فِرْعَوْنُ وَقَوْمُهُۥ وَمَا كَانُوا۟
يَعْرِشُونَ ۝

Wa-auratsnal qaumal ladziina kaanuu yustadh'afuuna masyaariqal ardhi wa maghaaribahal latii baaraknaa fiihaa, wa tammat kalimatu rabbikal husnaa 'alaa banii israa-iila bimaa shabaruu wa dammarnaa maa kaana yashna'u fir'aunu wa qaumuhuu wamaa kaanuu ya'risyuun

138. Lan Ingsun uga wus nyabrangake Bani Israil nrabas [386] Sagara, tumuli tekan pang gonan sawijining golongan kang pinuju padha nyembah brahalane, ature wong-wong Bani Israil: "Dhuh Nabi Musa! Panjenengan mugi

١٣٨- وَجَٰوَزْنَا بِبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱلْبَحْرَ فَأَتَوْا۟ عَلَىٰ قَوْمٍ
يَعْكُفُونَ عَلَىٰٓ أَصْنَامٍ لَّهُمْ ۚ قَالُوا۟ يَٰمُوسَى ٱجْعَل
لَّنَآ إِلَٰهًا كَمَا لَهُمْ ءَالِهَةٌ ۚ قَالَ إِنَّكُمْ قَوْمٌ تَجْهَلُونَ ۝

384). Inggih punika Negari Syam lan Mesir dalah negari-negari sakiwa tengenipun ingkang rumiyin dipun kuwaosi raja Fir'aun, lajeng gantos dipun kuwaosi Bani Israil.

385). Bangunan monumen wau ing zamanipun nindhes Bani Israil, kadosta menara ageng ingkang dipun dhawuhaken Hamaan, makaten dhawuhing raja Ramses.

386). Anggenipun nyabrang nrabas wilayah sisih ler saking Seganten Abrit (Red Sea).

andamelna sesembahan kangge kita kados sesembahanipun tiyang-tiyang punika". Jawabe Nabi Musa: "Satemene sira kabeh iku golongane wong kang bodho (sifat-sifating Allah)."

Wa jaawaznaa bibanii israa-iilal bahra fa-atau 'alaa qaumiy ya'kufuuna 'alaa ashnaamil lahum qaaluu yaa muusaj 'allanaa ilaahan kamaa lahum aalihah, qaala innakum qaumun tajhaluun.

139. Sanyata wong-wong mau bakal padha rusak, jalaran kanggonan barang kang ana ing dheweke, sarta apa kang padha ditindakake iku batal.

١٣٩- إِنَّ هَٰؤُلَاءِ مُتَبَّرٌ مَّا هُمْ فِيهِ وَبَاطِلٌ مَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Inna haa-ulaa-i mutabbarum maahum fiihi wa baathilum maa kaanuu ya'maluun.

140. Nabi Musa dhawuh: "Apa aku kok prentah anggolekake sesembahan saliyane Allah kanggo sira kabeh? Mangka Panjenengane Allah iku wus mulyakake ing sira kabeh ngungkuli wong sajagad traya!"

١٤٠- قَالَ أَغَيْرَ اللَّهِ أَبْغِيكُمْ إِلَٰهًا وَهُوَ فَضَّلَكُمْ عَلَى الْعَالَمِينَ ۝

Qaala aghairallaahi abghiikum ilaahaw wa huwa fadhdhalakum 'alal 'aalamiin.

141. Lan ngelingana, ing nalika Allah anylametake sira kabeh saka panganiayane kawula wargane Fir'aun, nalika dheweke angicipake ing sira kabeh ala-alaning siksa, yaiku padha mateni anakira kang lahir metu lanang, lan nguripi kang wadon, kang mangkono iku sawijining cobane Pangeran sesembahanira kang luwih gedhe".

١٤١- وَإِذْ أَنجَيْنَاكُم مِّنْ آلِ فِرْعَوْنَ يَسُومُونَكُمْ سُوءَ الْعَذَابِ يُقَتِّلُونَ أَبْنَاءَكُمْ وَيَسْتَحْيُونَ نِسَاءَكُمْ ۚ وَفِي ذَٰلِكُم بَلَاءٌ مِّن رَّبِّكُمْ عَظِيمٌ ۝

Wa-idz anjainaakum min aali fir'auna yasuumuunakum suu-al 'adzaabi yuqattiluuna abnaa-akum wa yastahyuuna nisaa-akum wa fii dzaalikum balaa-um mir rabbikum 'azhiim.

142. Lan Ingsun janji marang Musa, yaiku bakal Ingsun paringi Kitab, sawuse telung puluh wengi, lan Ingsun nyampurnakake tambah sepuluh wengi maneh, dadi waktu kang katamtokake dening Pangerane sampurna patang puluh wengi lawase. Pangucape Nabi Musa marang sadulure: Harun: "Sampeyan kula dadosaken sesulih kula perlu ngreksa kaum kula, sampeyan supados tumindak sae, lan sampeyan sampun ngantos kapilut manut tindakipun tiyang-tiyang ingkang damel risak".

١٤٢- وَوَاعَدْنَا مُوسَىٰ ثَلَاثِينَ لَيْلَةً وَأَتْمَمْنَاهَا بِعَشْرٍ فَتَمَّ مِيقَاتُ رَبِّهِ أَرْبَعِينَ لَيْلَةً ۚ وَقَالَ مُوسَىٰ لِأَخِيهِ هَارُونَ اخْلُفْنِي فِي قَوْمِي وَأَصْلِحْ وَلَا تَتَّبِعْ سَبِيلَ الْمُفْسِدِينَ ۝

Wa waa'adnaa muusaa tsalaatsiina lailataw wa atmamnaahaa bi'asyrin fatamma miiqaatu rabbihii arba'iina lailah, wa qaala muusaa li-akhiihi haaruunakhlufnii fii qaumii wa ashlih walaa tattabi' sabiilal musfidiin.

١٤٣- وَلَمَّا جَآءَ مُوسٰى لِمِيْقَاتِنَا وَكَلَّمَهٗ رَبُّهٗ قَالَ رَبِّ
اَرِنِيْٓ اَنْظُرْ اِلَيْكَ ۭ قَالَ لَنْ تَرٰىنِيْ وَلٰكِنِ انْظُرْ
اِلَى الْجَبَلِ فَاِنِ اسْتَقَرَّ مَكَانَهٗ فَسَوْفَ تَرٰىنِيْ ۚ فَلَمَّا
تَجَلّٰى رَبُّهٗ لِلْجَبَلِ جَعَلَهٗ دَكًّا وَّخَرَّ مُوْسٰى صَعِقًا ۚ
فَلَمَّآ اَفَاقَ قَالَ سُبْحٰنَكَ تُبْتُ اِلَيْكَ وَاَنَا اَوَّلُ
الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Wa lammaa jaa-a muusaa limiiqaatinaa wa kallamahuu rabbuhuu qaala rabbii arinii anzhur ilaik, qaala lantaraanii wa laakininzhur ilal jabali fa-inistaqarra makaanahuu fasaufa taraanii falammaa tajallaa rabbuhuu liljabali ja'alahuu dakkaw wa kharra muusaa sa'iqan falammaa afaaqa qaala subhaanaka tubtu ilaika wa ana awwalul mu'miniin.

143. Lan bareng Nabi Musa wus tekan mangsa kang wus Ingsun tamtokake, banjur wawan pangandika lan Pangeran sesembahane, dheweke munjuk atur: "Dhuh Pangeran sesembahan kawula! Mugi Paduka marengaken kawula saged sumerap wujud Paduka!" Allah paring pangandika: "Ora pisan-pisan sira bakal bisa sumurup Ingsun, mara sira andelenga gunung iki, manawa gunung iki tetep ana ing Panggonane, sayekti sira bakal sumurup Ingsun!" Bareng nur cahyaning Pangeran wus katon pratela tur terang tarwaca ana ing iku gunung, 387) dumadakan gunung mau sanalika remuk dadi sawalang-walang, lan Nabi Musa ambruk sumaput tan eling ing purwa duk sina! Sawuse sawatara Nabi Musa eling, nuli munjuk atur: "Saestu Paduka punika Maha Suci, kawula tobat nyuwun pangaksama dhumateng Paduka, sarta kawula dadosa wiwitanipun tetiyang ingkang sami pitados!"

١٤٤- قَالَ يٰمُوْسٰٓى اِنِّي اصْطَفَيْتُكَ عَلَى النَّاسِ بِرِسٰلٰتِيْ
وَبِكَلَامِيْ ۡ فَخُذْ مَآ اٰتَيْتُكَ وَكُنْ مِّنَ الشّٰكِرِيْنَ ۝

Qaala yaa muusaa innish-thafaituka 'alan naasi birisaalaatii wa bikalaamii fakhudz maa aataituka wakum minasy syaakiriin.

144. Allah paring dhawuh pangandika: "He Musa! Satemene Ingsun wus milih ing sira ngungkuli para manungsa, sira iku Ingsun angkat dadi Utusaningsun, sarta Ingsun piji sira bisa wawan sabda karo Panjenengan-Ingsun, mula ing mengko, banjur sira tampanana barang kang wus Ingsun paringake marang sira, lan sira dadiya golongane wong-wong kang padha syukur".

١٤٥- وَكَتَبْنَا لَهٗ فِي الْاَلْوَاحِ مِنْ كُلِّ شَيْءٍ مَّوْعِظَةً وَّتَفْصِيْلًا
لِّكُلِّ شَيْءٍ ۚ فَخُذْهَا بِقُوَّةٍ وَّاْمُرْ قَوْمَكَ يَاْخُذُوْا بِاَحْسَنِهَا ۭ
سَاُورِيْكُمْ دَارَ الْفٰسِقِيْنَ ۝

145. Lan Ingsun wus nulisake Musa ana ing Sabak, 388) yaiku Taurat isi pirang-pirang pitutur tumrap sakabehing barang, lan dadi kateranganing putusan. Dhawuhingsun: "He Musa! Sira anindakna dhawuh kang kasebut ing Kitab iku, lan dhawuha marang kaumira, supaya dheweke padha nindakake kanthi

387). Saweneh Ulama Mufassirin anerangaken, bilih ingkang katingal saking redi punika Kaagungan lan Kuwaosipun Allah. Ahli tafsir sanes, anerangaken, bilih punika Cahyaning Allah. Ringkesipun, kadospundi kemawon wujuding Allah punika sanes ngatingalipun kados dene makhluk punapa kemawon, katingaling wujud Allah punika ingkang cocok kaliyan Sifat-sifating Allah ingkang boten saged dipun ukur sarana ukuranipun Manungsa! "Laa yukayyafu" - Datan kena kinaya ngapa.

388). Sabak utawi Luh punika saking sela utawi kajeng. Isi seratanipun Wahyu saking ngarsanipun Allah, ing nalika Nabi Musa a.s. munajat ing redi Thursina. Salajengipun nama Kitab Taurat.

kang luwih becik,*) Ingsun arsa nuduhake sira kabeh dununge wong kang padha duraka. 389)

Wakatabnaa lahuu fil alwaahi min kulli syai-im mau'izhataw wa tafshiilal likulli syai-in fakhudz-haa biquwwatiw wa'mur qaumaka ya'khudzuu bi-ahsanihaa, sauriikum daaral faasiqiin.

146. Ingsun arsa ngenggokake kabeh ayat-ayatIngsun saka wong-wong kang padha gumedhe ana ing Bumi iki ora kalawan hak. Lan manawa wong-wong mau sumurup saben-saben tandha yekti,390) dheweke ora padha gelem percaya, dene manawa padha sumurup dalan kang bener, ora padha gelem ngambah dalan mau, ananging manawa padha sumurup dalan sasar, malah padha gelem ngambah dalan sasar mau. Kang mangkono iku ora ana liya kajaba wong-wong mau padha anggorohake marang ayat tandha yektinIngsun, sarta padha anglirwakake".

١٤٦- سَأَصْرِفُ عَنْ اٰيٰتِيَ الَّذِيْنَ يَتَكَبَّرُوْنَ فِي الْاَرْضِ
بِغَيْرِ الْحَقِّ ۗ وَاِنْ يَّرَوْا كُلَّ اٰيَةٍ لَّا يُؤْمِنُوْا بِهَا ۚ وَاِنْ
يَّرَوْا سَبِيْلَ الرُّشْدِ لَا يَتَّخِذُوْهُ سَبِيْلًا ۚ وَاِنْ يَّرَوْا
سَبِيْلَ الْغَيِّ يَتَّخِذُوْهُ سَبِيْلًا ۚ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ كَذَّبُوْا
بِاٰيٰتِنَا وَكَانُوْا عَنْهَا غٰفِلِيْنَ ۝

Sa-ashrifu 'an aayaatiyal ladziina yatakabbaruuna fil ardhi bighairil haqqi wa iy yarau kulla aayatil laa yu'minuu bihaa, wa iy yarau sabiilar rusydi laa yattakhidzuuhu sabiilaa, wa iy yarau sabiilal ghayyi yattakhidzuuhu sabiilaa, dzaalika bi-annahum kadzdzabuu bi-aayaati naa wa kaanuu 'anhaa ghaafiliin.

147. Ana dene wong-wong kang padha anggorohake ing tandha yektinIngsun, sarta anggorohake ing bab anggone bakal padha sowan ana ing ngarsaning Allah besuk ana ing Akherat, 'amale wong-wong mau bakal lebur, dheweke ora entuk piwales, kajaba mung miturut tindak kang wus padha dilakoni.

١٤٧- وَالَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا وَلِقَآءِ الْاٰخِرَةِ حَبِطَتْ اَعْمَالُهُمْ ۗ
هَلْ يُجْزَوْنَ اِلَّا مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Walladziina kadzdzabuu bi aayaatinaa wa liqaa-il aakhirati habithat a'maaluhum, hal yujzauna illaa maa kaanuu ya'maluun.

148. Sapungkure Nabi Musa, para kaume banjur padha ngalap sesembahan pedhet kang digawe saka sesotyane reca mau, iku bisa nyuwara.391) Apa dheweke iku ora padha mangerti manawa pedhet mau ora bisa guneman, sarta ora bisa nuduhake dalan bener marang dheweke? Ewadene wong-wong mau padha nganggep reca iku dadi sesembahan, amula wong-wong iku tetep padha nganiaya.

١٤٨- وَاتَّخَذَ قَوْمُ مُوْسٰى مِنْۢ بَعْدِهٖ مِنْ حُلِيِّهِمْ عِجْلًا
جَسَدًا لَّهٗ خُوَارٌ ۗ اَلَمْ يَرَوْا اَنَّهٗ لَا يُكَلِّمُهُمْ وَلَا
يَهْدِيْهِمْ سَبِيْلًا ۘ اِتَّخَذُوْهُ وَكَانُوْا ظٰلِمِيْنَ ۝

Wattakhadza qaumu muusaa mim ba'di hii min huliyyihim 'ijlan jasadal lahuu khuwaar, alam yarau annahuu laa yukallimuhum walaa yahdiihim sabiilaa, ittakhadzuuhu wa kaanuu zhaalimiin.

389). Artosipun bilih Allah badhe nedahaken kados pundi negarinipun tiyang duraka (fasik) kados dene Fir'aun, Tsamud, 'Aad, ummatipun Nabi Nuh a.s. ingkang sami sirna risak dening bebenduning Allah ingkang Murba wasesa.

*). Inggih punika tumindak ingkang ngrumiyinaken Wajib katimbang Sunnat lan Mubah.

390). Maksudipun ayat-ayating Taurat, lan tandha-tandha Kaagunganipun Allah.

391) Miturut katerangan Mufassirin, suwanten saking lembu-alit (pedhet) wau medal saking reca arupi pedhet ingkang tehnis dipun damel dening Samiri, manawi kalebetan angin lajeng nyuwanten! Ahli tafsir sanes beda anggenipun ngandikakaken, bilih reca arupi pedhet saking emas punika lajeng wujud jasad kasat mripat gadhah nyawa, lan saged nyuwanten! „Hengong!"

149. Lan sawuse wong-wong Bani Israil mau padha getun, lan padha mangerti manawa dheweke iku kasasar dalane, tumuli padha angucap: "Manawa Pangeran sesembahan kita ora karsa paring sih pangapura marang kita, tetela kita iki kalebu golongane wong kang padha kapitunan".

١٤٩- وَلَمَّا سُقِطَ فِيْٓ اَيْدِيْهِمْ وَرَاَوْا اَنَّهُمْ قَدْ ضَلُّوْا
قَالُوْا لَئِنْ لَّمْ يَرْحَمْنَا رَبُّنَا وَيَغْفِرْ لَنَا لَنَكُوْنَنَّ مِنَ
الْخٰسِرِيْنَ ۝

Walammaa suqitha fii aidiihim wa ra-au annahum qad dhalluu qaaluu la-illam yarhamnaa rabbunaa wa yaghfirlanaa lanakuunanna minal khaasiriin.

150. Bareng Nabi Musa wus rawuh, bali marang kaume, kanthi duka lan susah atine, banjur ngendika: "Kados pundi teka awon sanget anggen sampeyan nyulihi kula, sapengker kula? Punapa sampeyan kasesa dhumateng janjining 392) Pangeran sesembahan sampeyan?" Nabi Musa banjur nguncalake Sabak saka astane, sarta banjur njambak sirahe Nabi Harun sadulure, lan ditarik! Wangsulane sareh Nabi Harun: "Oo adhiku, dhi, putrane Ibu, mangertia, satemene aku wus ditindhes diapesake dening kaumku, lan dheweke meh bahe padha mateni aku! Becike si adhi aja nganti mbombong nggedhekake atine mungsuhku, lan sliramu aja andadekake aku kalebu dadi golongane wong wong kang padha nganiaya".

١٥٠- وَلَمَّا رَجَعَ مُوْسٰٓى اِلٰى قَوْمِهٖ غَضْبَانَ اَسِفًا ۙ قَالَ
بِئْسَمَا خَلَفْتُمُوْنِيْ مِنْۢ بَعْدِيْ ۚ اَعَجِلْتُمْ اَمْرَ رَبِّكُمْ ۚ
وَاَلْقَى الْاَلْوَاحَ وَاَخَذَ بِرَاْسِ اَخِيْهِ يَجُرُّهٗٓ اِلَيْهِ ۭ
قَالَ ابْنَ اُمَّ اِنَّ الْقَوْمَ اسْتَضْعَفُوْنِيْ وَكَادُوْا
يَقْتُلُوْنَنِيْ ۡ فَلَا تُشْمِتْ بِيَ الْاَعْدَاۗءَ وَلَا تَجْعَلْنِيْ
مَعَ الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Walammaa raja'a muusaa ilaa qaumihii ghadhbaana asifan qaala bi'samaa khalaftumuunii mim ba'dii a'ajiltum amra rabbikum wa alqal alwaaha wa akhadza bira'si akhiihi yajurruhuu ilaih, qaalabna umma innal qaumas tadh'afuunii wa kaaduu yaqtuluunanii falaa tusymit biyal a'daa-a walaa taj'alnii ma'al qaumizh zhaalimiin.

151. Nabi Musa banjur nenuwun, ature: "Dhuh Pangeran kula! Mugi Paduka paring pangaksama dhumateng kula, saha sadherek kula, tuwin mugi Paduka anglebetaken ing kita wonten papaning Sih rakhmat Paduka, jalaran Paduka punika: langkung asih-asihipun Pangeran ingkang Maha Asih".

١٥١- قَالَ رَبِّ اغْفِرْ لِيْ وَلِاَخِيْ وَاَدْخِلْنَا فِيْ رَحْمَتِكَ ۡ
وَاَنْتَ اَرْحَمُ الرّٰحِمِيْنَ ۝

Qaala rabbighfirlii wali-akhii wa-adkhilnaa fii rahmatika wa anta arhamur raahimiin.

152. Satemene wong-wong kang padha manembah ing pedhet, iku bakal padha oleh bebendu saka ngarsaning Pangerane, sarta kanisthan ana ing panguripan Donya. Lan kaya mangkono iku Pamalesing-Sun marang wong-wong kang padha gawe gegorohan nganggo asmane Allah.

١٥٢- اِنَّ الَّذِيْنَ اتَّخَذُوا الْعِجْلَ سَيَنَالُهُمْ غَضَبٌ مِّنْ رَّبِّهِمْ
وَذِلَّةٌ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۭ وَكَذٰلِكَ نَجْزِي الْمُفْتَرِيْنَ ۝

Innal ladziinat-takhadzul 'ijla sayanaaluhum ghadhabum mir rabbihim wadzillatun fil hayaatid dunyaa, wakadzaalika najzil muftariin.

392). Janji saking Allah, tegesipun "Apa sira kabeh ora sabar ngenteni tekaku (Nabi Musa) bali saka anggone munajat marang Allah, jebul sira kabeh malah gawe reca pedhet kang sira sembah-sembah, kaya nyembahmu ing Allah?"

153. Dene wong-wong kang padha tumindak ala, nuli sawuse iku banjur padha gelem tobat, sarta padha iman, sanyata Pangeran sesembahanira iku Maha Ngapura, sarta Maha Asih.

١٥٣- وَالَّذِينَ عَمِلُوا السَّيِّئَاتِ ثُمَّ تَابُوا مِنْ بَعْدِهَا وَ
آمَنُوا إِنَّ رَبَّكَ مِنْ بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Walladziina 'amilus sayyi-aati tsumma taabuu mim ba'di haa wa aamanuu inna rabbaka mim ba'dihaa laghafuurur rahiim.

154. Lan sawuse Nabi Musa lerem anggone duka, panjenengane banjur mundhut Sabake, lan ing kono wus ana tulisane, kang dadi pituduh, lan minangka rakhmat tumrap wong-wong kang marang Pangeran sesembahane padha wedi tur dhedhepe.

١٥٤- وَلَمَّا سَكَتَ عَنْ مُوسَى الْغَضَبُ أَخَذَ الْأَلْوَاحَ ۖ وَفِي
نُسْخَتِهَا هُدًى وَرَحْمَةٌ لِلَّذِينَ هُمْ لِرَبِّهِمْ يَرْهَبُونَ ۝

Walammaa sakata 'am muusal ghadzabu akhadzal alwaaha wa fii nuskhatihaa hudaw warahmatul lilladziina hum lirabbihim yarhabuun.

155. Nabi Musa wus milihi kaume wong lanang pitung puluh, nganti tumeka waktu kang Ingsun tamtokake (wong-wong iku padha kumawani kepengin weruh marang sarirane Allah), nanging bareng padha kapatrapan hukuman sarana lindhu, atur panuwune Nabi Musa: "Dhuh Pangeran sesembahan kula, manawi Paduka karsa angrisak tetiyang sadaya punika dalasan kula, mbok inggih wingi-wingi. Punapa Paduka badhe angrisak dhumateng kita, jalaran tumindakipun tetiyang ingkang golongan sami bodho? Boten sanes sadaya punika, kajawi namung panyobi saking Paduka, Paduka anyasaraken kanthi panyobi wau dhumateng tiyang ingkang Paduka karsakaken. Paduka punika Bandara kita, mugi Paduka paring pangaksama, sarta paring Sih palimirma dhumateng kita, jalaran Paduka punika sae-saening Pangeran sesembahan ingkang Maha Ngapura. 393)

١٥٥- وَاخْتَارَ مُوسَى قَوْمَهُ سَبْعِينَ رَجُلًا لِمِيقَاتِنَا ۚ فَلَمَّا
أَخَذَتْهُمُ الرَّجْفَةُ قَالَ رَبِّ لَوْ شِئْتَ أَهْلَكْتَهُمْ مِنْ
قَبْلُ وَإِيَّايَ ۖ أَتُهْلِكُنَا بِمَا فَعَلَ السُّفَهَاءُ مِنَّا ۚ
إِنْ هِيَ إِلَّا فِتْنَتُكَ ۖ تُضِلُّ بِهَا مَنْ تَشَاءُ وَتَهْدِي
مَنْ تَشَاءُ ۖ أَنْتَ وَلِيُّنَا فَاغْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا وَأَنْتَ
خَيْرُ الْغَافِرِينَ ۝

Wakhtaara muusaa qaumahuu sab'iina rajulal limiiqaatinaa falammaa akhadzat humur rajfatu qaala rabbi lau syi'ta ahlaktahum min qablu wa-iyyaaya, atuhlikunaa bimaa fa'alas sufahaa-u minnaa in hiya illaa fitnatuk, tudhillu bihaa man tasyaa-u wa tahdii man tasyaa', anta waliyyunaa faghfirlanaa warhamnaa wa anta khairul ghaafiriin.

156. Saha Paduka mugi karsa nyerat kasaenan kita wonten ing Donya, tuwin wonten ing Akherat. Sayektos kita punika sampun sami tobat dhumateng Paduka". Dhawuhing Allah: "Satemene siksaIngsun iku

١٥٦- وَاكْتُبْ لَنَا فِي هَٰذِهِ الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ
إِنَّا هُدْنَا إِلَيْكَ ۚ قَالَ عَذَابِي أُصِيبُ بِهِ مَنْ أَشَاءُ ۖ
وَرَحْمَتِي وَسِعَتْ كُلَّ شَيْءٍ ۚ فَسَأَكْتُبُهَا لِلَّذِينَ يَتَّقُونَ

393). Anggenipun damel-damel reca pedhet saking emas ingkang saged nyuwanten punika estunipun cobining Allah dhumateng Bani Israil, sinten ingkang teguh imanipun lan sinten ingkang ringkih utawi mamang. Pramila tetiyang ingkang mamang lan tipis imanipun sami kapilut lan pitados, sarta lajeng nyembah reca pedhet damelanipun Samiri, ananging golongan ingkang setya-tuhu lan kiyat imanipun tetep ndherek Nabi Harun, lan sabar ngrantos rawuhipun Nabi Musa a.s. munajat ing redi Thursina nampi Kitab Taurat.

Ingsun patrapake marang wong kang Ingsun karsakake, lan rakhmatIngsun iku anglimputi sakehing barang, sarta bakal Ingsun pasthekake marang wong kang padha taqwa ing PanjenenganIngsun, lan marang wong-wong kang padha aweh Zakat, apa dene marang wong-wong kang padha ngandel marang ayat-ayat-Ingsun.

وَيُؤْتُونَ الزَّكٰوةَ وَالَّذِيْنَ هُمْ بِاٰيٰتِنَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

Waktub lanaa fii haadzihid dunyaa hasanataw wa fil aakhirati innaa hudnaa ilaik, qaala 'adzaabii ushiibu bihii man asyaa-u, warahmatii wasi'at kulla syaiin, fasa-aktubuhaa lilladziina yattaquuna wayu'tuunaz zakaata walladziina hum biaayaatinaa yu'minuun.

157. Yaiku wong-wong kang padha andherek marang Rasul, Nabi kang Ummi, ora mangerti maca lan nulis, kang sifate wus katulis ana ing Kitab Taurat lan Injil. Nabi mau dhawuh marang kabecikan, lan nyegah marang panggawe ala, lan ngalalake barang kang becik marang wong-wong mau, sarta ngaramake barang kang jember, lan ngenthengake marang wong-wong mau barang kang ngebot-ngeboti, sarta kabeh kang mblenggu ana githoke.[394] Ana dene wong-wong kang padha iman marang Rasul iku, banjur padha gelem mulyakake lan nulungi marang Rasul, sarta banjur padha manut miturut marang pepadhang kang diturunake ing panjenengane Rasul mau, yaiku Al Quraan, hiya wong-wong kang mangkono iku kang padha begja".

١٥٧- اَلَّذِيْنَ يَتَّبِعُوْنَ الرَّسُوْلَ النَّبِيَّ الْاُمِّيَّ الَّذِيْ يَجِدُوْنَهٗ
مَكْتُوْبًا عِنْدَهُمْ فِي التَّوْرٰىةِ وَالْاِنْجِيْلِ يَاْمُرُهُمْ
بِالْمَعْرُوْفِ وَيَنْهٰىهُمْ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُحِلُّ لَهُمُ الطَّيِّبٰتِ
وَيُحَرِّمُ عَلَيْهِمُ الْخَبٰٓئِثَ وَيَضَعُ عَنْهُمْ اِصْرَهُمْ
وَالْاَغْلٰلَ الَّتِيْ كَانَتْ عَلَيْهِمْ ۭ فَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِهٖ وَ
عَزَّرُوْهُ وَنَصَرُوْهُ وَاتَّبَعُوا النُّوْرَ الَّذِيْٓ اُنْزِلَ مَعَهٗٓ ۙ
اُولٰۗىِٕكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

Alladziina yabtaghuunar rasuulan nabiyyal ummiyyal ladzii yajiduunahuu maktuuban 'inda hum fit-tauraati wal-injiil, ya'muruhum bilma'ruufi wa yanhaana 'anil munkari wayuhillu lahumuth thayyibaati wayuharrimu 'alaihimul khabaaitsa wayadha'u 'anhum ishrahum wal-aghlaalal latii kaanat 'alaihim, falladziina aamanuu bihii wa'azzaruuhu wa nasharuuhu wattaba'un nuural ladzii unzila ma'ahuu ulaa-ika humul muflihuun.

158. Dhawuha sira Muhammad: "He para manungsa! Sanyata aku iki Utusaning Allah marang sira kabeh! PanjenengaNe Allah iku kang kagungan Karatoning Langit lan Bumi. Ora ana Pangeran sesembahan kajaba mung Panjenenganing Allah pribadi, Pangeran kang nguripi lan kang mateni. Mula sira padha imana marang Allah lan Utusane, yaiku Nabi kang Ummi, kang dheweke uga iman marang

١٥٨- قُلْ يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اِنِّيْ رَسُوْلُ اللّٰهِ اِلَيْكُمْ جَمِيْعًا الَّذِيْ
لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ يُحْيٖ وَ
يُمِيْتُ ۠ فَاٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهِ النَّبِيِّ الْاُمِّيِّ الَّذِيْ
يُؤْمِنُ بِاللّٰهِ وَكَلِمٰتِهٖ وَاتَّبِعُوْهُ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُوْنَ ۝

394). Wonten ing syari'atipun Agami Islam ingkang dipun asta Nabi Muhammad s.a.w. sampun boten wonten malih kuwajiban awrat tumraping Bani Israil, kadosta syari'at wajib kisas ing raja pati dipun sengaja utawi boten, boten kenging diyat (bayar dhendha), lan majibaken mejahi badanipun piyambak kangge syaratipun tobat ing Pangeran; dados syari'atipun Nabi Muhammad s.a.w. langkung mayar (manusiawi salimrah).

Allah, lan marang PangandikaNe, sarta padha ndhereka tindake, supaya sira kabeh padha oleh pituduh".

Qul yaa ayyuhan naasu innii rasuulul-laahi ilaikum jamii'aa, alladzii lahuu mulkus samaawaati wal-ardh, laa-ilaaha illaa huwa yuhyii wa yumiit, fa-aaminuu billaahi warasuulihin nabiyyil ummiyyilladzii yu'minu billaahi wakalimatihii wattabi'uuhu la'allakum tahtaduun.

١٥٩- وَمِنْ قَوْمِ مُوْسٰٓى اُمَّةٌ يَّهْدُوْنَ بِالْحَقِّ وَبِهٖ يَعْدِلُوْنَ ۝

159. Lan saweneh kaume Nabi Musa, yaiku sagolongan kang nuduhake ing manungsa marang kabeneran, lan uga wong kang padha tumindak 'adil marang wong-wong mau. 395)

Wamin qaumi muusaa ummatuy yahduuna bilhaqqi wa bihii ya'diluun.

١٦٠- وَقَطَّعْنٰهُمُ اثْنَتَيْ عَشْرَةَ اَسْبَاطًا اُمَمًا ۭ وَاَوْحَيْنَآ اِلٰى مُوْسٰٓى اِذِ اسْتَسْقٰىهُ قَوْمُهٗٓ اَنِ اضْرِبْ بِّعَصَاكَ الْحَجَرَ ۚ فَانْۢبَجَسَتْ مِنْهُ اثْنَتَا عَشْرَةَ عَيْنًا ۭ قَدْ عَلِمَ كُلُّ اُنَاسٍ مَّشْرَبَهُمْ ۭ وَظَلَّلْنَا عَلَيْهِمُ الْغَمَامَ وَاَنْزَلْنَا عَلَيْهِمُ الْمَنَّ وَالسَّلْوٰى ۭ كُلُوْا مِنْ طَيِّبٰتِ مَا رَزَقْنٰكُمْ ۭ وَمَا ظَلَمُوْنَا وَلٰكِنْ كَانُوْٓا اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ۝

160. Lan Ingsun andadekake wong-wong mau dadi rolas trah golongan, lan Ingsun paring Wahyu dhawuh marang Musa nalika golongan kaume padha nyuwun banyu marang Musa. (Dhawuhing Allah): "He Musa! Sira nyabetna tekenira ing watu!" Sanalika watu iku banjur mancur, banyune dadi rolas pancuran, siji-sijining golongan trah padha mangerti papaning pancuran pangombenane dhewe-dhewe. Sarta Ingsun wus angiyubi marang wong-wong mau kalawan mendhung, lan wus padha Ingsun paringi Manna lan Salwa (madu lan manuk). DhawuhIngsun: "Sira padha mangana sak becik-beciking rezeki kang wus Ingsun paringake marang sira kabeh". Wong-wong mau ora padha nganiaya marang PanjenenganIngsun, ananging wong-wong mau padha nganiaya marang awake dhewe.*)

Wa qatha'naahumuts-natai 'asyrata asbaathan umamaa, wa auhainaa ilaa muusaa idzis-tasqaahu qaumuhuu anidh rib bi'ashaakal hajar, fambajasat minhutsnataa 'asyrata 'ainaa, qad 'alima kullu unaasim masyrabahum, wa zhallalnaa 'alaihimul ghamaama wa anzalnaa 'alaihimul manna wassalwaa, kuluu mithayyibaati maa razaqnaakum wamaa zhalamuunaa walaakin kaanuu anfusahum yazhlimuun.

١٦١- وَاِذْ قِيْلَ لَهُمُ اسْكُنُوْا هٰذِهِ الْقَرْيَةَ وَكُلُوْا مِنْهَا حَيْثُ شِئْتُمْ وَقُوْلُوْا حِطَّةٌ وَّادْخُلُوا الْبَابَ سُجَّدًا نَّغْفِرْ لَكُمْ خَطِيْۗـــٰٔتِكُمْ ۭ سَنَزِيْدُ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

161. Lan nalikane wong-wong mau padha didhawuhi: "Sira padha manggona ana ing iki kutha Baitil Makdis, sarta padha mangana saka wulu wetune apa kang sira karepake, lan padha matura Hittah! (mugi Allah paring pangaksama sadaya dosa kita), lan padha lumebua saka lawange Baitil Makdis kanthi tumungkul! Yekti sakabehing dosanira bakal Ingsun apura, sarta Ingsun bakal nambahi ganjarane wong-wong kang padha tumindak becik.

Wa-idz qiila lahumuskunuu haadzihil qaryata wakuluu minhaa haitsu syi'tum waquuluu hiththatuw wadkhulul baaba sujjadan naghfir lakum khathiiaatikum, sanaziidul muhsiniin.

395). Tegesipun manawi piyambakipun ngadili perkawis sami nyepengi pedoman lan pitedah saking Agamining Allah sarta tumindak sarwa adil.

*). Mirsanana ayat No 57 Surat Al Baqarah.

162. Wong-wong kang padha nganiaya iku banjur padha nyalini dhawuh kang dingandikakake mau kalawan liyane, nuli Ingsun nurunake siksa saka Langit marang wong-wong mau, jalaran anggone tumindak naniaya.

١٦٢- فَبَدَّلَ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا مِنْهُمْ قَوْلًا غَيْرَ الَّذِيْ قِيْلَ لَهُمْ فَاَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِجْزًا مِّنَ السَّمَآءِ بِمَا كَانُوْا يَظْلِمُوْنَ ۝

Fabaddalal ladziina zhalamuu minhum qaulan ghairal ladzii qiila lahum fa-arsalnaa 'alaihim rijzam minas-samaa-i bimaa kaanuu yazhlimuun.

163. Lan sira pitakona marang Bani Israil mungguh carita Negarane wong-wong kang padha manggon ana ing sacedhake Sagara,[396] nalikane dheweke padha nerak wewalere Allah ana ing dina Sabtu,[397] yaiku nalika iwak-iwak padha ngambang ana ing dina Sabtu. Nanging yen liyane dina Sabtu, iwak-iwak ora padha ngambang. Mangkono iku Ingsun nyoba marang wong-wong mau jalaran anggone padha duraka.

١٦٣- وَسْـَٔلْهُمْ عَنِ الْقَرْيَةِ الَّتِيْ كَانَتْ حَاضِرَةَ الْبَحْرِ ۘ اِذْ يَعْدُوْنَ فِي السَّبْتِ اِذْ تَاْتِيْهِمْ حِيْتَانُهُمْ يَوْمَ سَبْتِهِمْ شُرَّعًا وَّيَوْمَ لَا يَسْبِتُوْنَ ۙ لَا تَاْتِيْهِمْ ۛ كَذٰلِكَ ۛ نَبْلُوْهُمْ بِمَا كَانُوْا يَفْسُقُوْنَ ۝

Was-alhum 'anil qaryatil latiii kaanat haadhiratal bahri idz ya'duuna fis-sabti idz ta'tihim hiitaanuhum yauma sabtihim syurra'aw wayauma laa yasbituun, laa ta'tiihim, kadzaalik, nabluuhum bimaa kaanuu yafsuquun.

164. Lan elinga nalikane sagolongan trahe wong-wong mau ngucap marang kanca-kancane: "Apa perlune kowe andadak nganggo mitutur marang wong-wong kang mesthi bakal padha dirusak utawa disiksa dening Allah kalawan siksa kang abot?" Kancane mangsuli: "Perlune aku mitutur iku arep ndak anggo tanggung jawab katur[398] ana ing ngarsaning Pangeran sesembahanira, lan supaya wong-wong mau padha taqwa rumeksa aja nganti tumindak ala".

١٦٤- وَاِذْ قَالَتْ اُمَّةٌ مِّنْهُمْ لِمَ تَعِظُوْنَ قَوْمًا ۙ اللّٰهُ مُهْلِكُهُمْ اَوْ مُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا شَدِيْدًا ۭ قَالُوْا مَعْذِرَةً اِلٰى رَبِّكُمْ وَلَعَلَّهُمْ يَتَّقُوْنَ ۝

Wa-idz qaalat ummatum minhum lima ta'izhuuna qaumallaahu muhlikuhum au mu'adzdzibuhum 'adzaaban syadiidaa, qaaluu ma'dziratan ilaa rabbikum wa la'allahum yattaquun.

---

396). Inggih punika kitha **Eilah**, ing antawisipun kitha **Madyan** lan pesisir Seganten Abrit, sarta pareden **Thursina**.

397). Miturut aturan syari'atipun Nabi Musa a.s. dinten Sabtu punika dinten khusus kangge 'ibadah, boten pareng kangge nyambutdamel (pados panggesangan).

398). Tanggung jawab ing riki maksudipun supados gadhah alasan maton, sampun nindakaken Da'wah, inggih punika suka pepenget dhumateng mitra sami ingkang nerak wewalering Allah lan nyepelekaken 'ibadah ing Allah.

165. Bareng dheweke padha nglalekake pituture wong-wong kang becik, Ingsun banjur nylametake wong kang padha nyegah panggawe ala, lan Ingsun matrapi marang wong-wong kang padha nganiaya kalawan siksa kang abot banget, marga saka anggone padha duraka.

١٦٥- فَلَمَّا نَسُوا مَا ذُكِّرُوا بِهِ أَنْجَيْنَا الَّذِينَ يَنْهَوْنَ عَنِ السُّوءِ وَأَخَذْنَا الَّذِينَ ظَلَمُوا بِعَذَابٍ بَئِيسٍ بِمَا كَانُوا يَفْسُقُونَ ۝

Falammaa nasuu maa dzukkiruù bihii anjainal ladziina yanhauna 'anis suu-i wa akhadznal ladziina zhalamuu bi-'adzaabim ba-iisim bimaa kaanuu yafsuquun.

166, Sarta bareng tangkepe wong-wong mau padha umuk tur nerak marang barang kang dicegah, dhawuhing-Sun marang wong-wong iku: "Sira dadiya munyuk kang asor!"

١٦٦- فَلَمَّا عَتَوْا عَنْ مَا نُهُوا عَنْهُ قُلْنَا لَهُمْ كُونُوا قِرَدَةً خَاسِئِينَ ۝

Falammaa 'atau 'am maa nuhuu 'anhu qulnaa lahum kuunuu qiradatan khaasi-iin.

167. Lan sira elinga ing nalika Pangeran sesembahanira paring katerangan: "PanjenengaNe mesthi bakal ngutus ing sawijining wong kang tansah ngicipake ala-alaning siksa marang wong Bani Israil tumeka dina Qiyamat. Satemene Pangeran sesembahanira iku yekti rikat banget panyiksane, lan PanjenengaNe iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

١٦٧- وَإِذْ تَأَذَّنَ رَبُّكَ لَيَبْعَثَنَّ عَلَيْهِمْ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ مَنْ يَسُومُهُمْ سُوءَ الْعَذَابِ ۗ إِنَّ رَبَّكَ لَسَرِيعُ الْعِقَابِ ۖ وَإِنَّهُ لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Wa-idz ta-adzdzana rabbuka layab'atsanna 'alaihim ilaa yaumil qiyaamati may yasuumuhum suu-al-'adzaab, inna rabbaka lasarii'ul 'iqaab, wa innahuu laghafuurur rahiim.

168. Lan Ingsun wus ambage-bage marang wong-wong mau dadi pirang-pirang trah-golongan ana ing Bumi. Sawenehe wong-wong mau ana kang shaleh (becik tindak-tanduke) dene liyane ora mangkono. Lan dheweke mau padha Ingsun coba kalawan ni'mat kabecikan, lan reribed kang ala, supaya dheweke iku padha gelem bali menyang dalan bener.

١٦٨- وَقَطَّعْنَاهُمْ فِي الْأَرْضِ أُمَمًا ۖ مِنْهُمُ الصَّالِحُونَ وَمِنْهُمْ دُونَ ذَٰلِكَ ۖ وَبَلَوْنَاهُمْ بِالْحَسَنَاتِ وَالسَّيِّئَاتِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ۝

Wa qaththa'naahum fil ardhi umamaa, minhumush shaalihuuna wa minhum duuna dzaalik, wa balaunaahum bilhasanaati wassayyi-aati la'allahum yarji'uun.

169. Mangka sapungkure wong-wong mau banjur diganti dening generasi (kang tumindak ala) kang uga marisi Kitab Taurat, ananging mung jalaran padha duwe pamrih bandha Donya kanthi padha ngucap: "Yekti Allah bakal paring pangapura marang kita", lan manawa dheweke katekanan bandha

١٦٩- فَخَلَفَ مِنْ بَعْدِهِمْ خَلْفٌ وَرِثُوا الْكِتَابَ يَأْخُذُونَ عَرَضَ هَٰذَا الْأَدْنَىٰ وَيَقُولُونَ سَيُغْفَرُ لَنَا ۚ وَإِنْ يَأْتِهِمْ عَرَضٌ مِثْلُهُ يَأْخُذُوهُ ۚ أَلَمْ يُؤْخَذْ عَلَيْهِمْ مِيثَاقُ الْكِتَابِ أَنْ لَا يَقُولُوا عَلَى اللَّهِ إِلَّا الْحَقَّ وَدَرَسُوا مَا

فِيهِ ۚ وَالدَّارُ الْآخِرَةُ خَيْرٌ لِّلَّذِينَ يَتَّقُونَ ۖ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

Fakhalafa mim ba'dihim khalfuw waritsul kitaaba ya'khudzuuna 'aradha haadzal adnaa wa yaquuluuna sayughfaru lanaa, wa-iy ya'tihim 'aradhum mitsluhuu ya'khudzuuh, alam yu'khadz 'alaihim miitsaaqul kitaabi allaa yaquuluu 'alallaahi illal haqqa wadarasuu maa fiih, waddaarul aakhiratu khairul lilladziina yattaquun, afalaa ta'qiluun.

Donya, dheweke hiya banjur anjupuk maneh, jalaran yakin yen Allah mesthi paring pangapura. Apa wong-wong mau durung padha nampa perjanjiyaning Allah kang ana sajeroning Kitabe, yaiku dheweke ora bakal ngucap kanthi nyebut Allah, kajaba kalawan bener? Ing mangka dheweke wus padha maca apa isining Kitabe. Dene omah ing Akherat iku luwih becik endah tumrap wong-wong kang padha taqwa ing Allah, apa sira kabeh ora padha mikir-mikir?

١٧٠- وَالَّذِينَ يُمَسِّكُونَ بِالْكِتَابِ وَأَقَامُوا الصَّلَاةَ ۚ إِنَّا لَا نُضِيعُ أَجْرَ الْمُصْلِحِينَ ۝

Walladziina yumassikuuna bilkitaabi wa aqaamush shalaah, innaa laa nudhii'u ajral mushlihiin.

170. Dene wong kang padha cekelan-kenceng ing Kitab Taurat sarta padha nindakake Shalat, sanyata Ingsun ora bakal angilang-ilangake ganjarane wong kang padha nindakake becik.

١٧١- وَإِذْ نَتَقْنَا الْجَبَلَ فَوْقَهُمْ كَأَنَّهُ ظُلَّةٌ وَظَنُّوا أَنَّهُ وَاقِعٌ بِهِمْ ۖ خُذُوا مَا آتَيْنَاكُم بِقُوَّةٍ وَاذْكُرُوا مَا فِيهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ۝

Wa-idz nataqnal jabala fauqahum ka-annahuu zhullatuw wa zhannuu annahuu waaqi'um bihim, khudzuu maa aatainaakum biquwwatiw wadzkuruu maa fiihi la'allakum tattaquun.

171. Lan elinga ing nalika Ingsun ngangkat gunung ngungkuli ana sadhuwure wong-wong mau kaya dene payon lan dheweke padha ngira, manawa gunung mau bakal ngemblegi ing dheweke. DhawuhIngsun: "Sira padha nyekelana kanthi kenceng Kitab kang wus Ingsun paringake marang sira, lan sira tansah padha elinga apa isine kang kadhawuhake ana ing Kitab mau, supaya sira kabeh padha taqwa rumeksa saka laku ala".

Piwulang tauhid iku fitrahing manungsa!

١٧٢- وَإِذْ أَخَذَ رَبُّكَ مِن بَنِي آدَمَ مِن ظُهُورِهِمْ ذُرِّيَّتَهُمْ وَأَشْهَدَهُمْ عَلَىٰ أَنفُسِهِمْ أَلَسْتُ بِرَبِّكُمْ ۖ قَالُوا بَلَىٰ ۛ شَهِدْنَا ۛ أَن تَقُولُوا يَوْمَ الْقِيَامَةِ إِنَّا كُنَّا عَنْ هَٰذَا غَافِلِينَ ۝

Wa-idz akhadza rabbuka mim banii aadama min zhuhuurihim dzurriyyatahum wa asyhadahum 'alaa anfusihim, alastu birabbikum, qaaluu balaa syahidnaa an taquuluu yaumal qiyaamati innaa kunnaa 'an haadzaa ghaafiliin.

172. Lan nalikane Pangeran sesembahanira ngetokake tedhak turune Adam saka gegere wong tuwa-tuwane, lan PanjenengaNe nyeksekake marang jiwa-jiwane wong-wong mau, sarana dhawuhing Allah: "Apa Ingsun iku dudu Allah Pangeran sesembahanira kabeh?" Dheweke padha munjuk atur: "Inggih, kita sami nyekseni, manawi Paduka punika Pangeran sesembahan kita". Kang mangkono mau supaya besuk ana ing dina Qiyamat aja nganti sira padha ngucap: "Sayektos bab punika kita sami kasupen". 399)

399). Ciri-ciri ingkang khas, Islam punika Agami Tauhid ingkang cocok kaliyan fitrah tumitah lan jejering (fungsi) manungsa, miturut andharan Prof.Dr. Mahmud Syaltut (Min Taujiihatil Islam) makaten: "Agami Islam gampil dipun tampi piwucalipun, sarta mayar dipun tindakaken, saukur

173. Utawa aja nganti sira ngucap: "Wiwit rumiyin tetiyang sepuh kita punika sami musyrik, kita punika anak turunipun, tamtunipun kita sadaya inggih lajeng sami musyrik. Punapa Paduka badhe ngrisak ing kita jalaran tetiyang sepuh kita ingkang tumindak lepat?"

١٧٣- أَوْ تَقُولُوٓا۟ إِنَّمَآ أَشْرَكَ ءَابَآؤُنَا مِن قَبْلُ وَكُنَّا ذُرِّيَّةً مِّنۢ بَعْدِهِمْ ۖ أَفَتُهْلِكُنَا بِمَا فَعَلَ ٱلْمُبْطِلُونَ ۝

Au taquuluu innamaa asyraka aabaa-unaa min qablu wakunnaa dzurriyyatam mim ba'dihim, afatuhlikunaa bimaa fa-'alal mubthiluun.

174. Hiya kaya mangkono iku anggonIngsun mrinci pirang-pirang ayat supaya wong-wong iku padha gelem bali menyang kabeneran.

١٧٤- وَكَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ ٱلْءَايَٰتِ وَلَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ۝

Wakadzaalika nufashshilul aayaati wa la'allahum yarji'uun.

Sanepane wong kang padha duraka ing ayating Allah.

175. Lan wacakna Muhammad!, marang wong-wong Yahudi iku, bab caritaning wong kang wus Ingsun paringi ayat (Umayah bin Abi Solti) kang ngarep-arep rawuhing Nabi Penutup kang Ingsun paringi ayatIngsun. Nanging bareng Nabi Muhammad mau rawuh, dheweke nuli nyingkur ora gelem iman, sarta dheweke banjur ditut wuri dening syetan, jalaran saka iku katemahan dheweke kalebu golongane wong kang padha kasasar.

١٧٥- وَٱتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ ٱلَّذِىٓ ءَاتَيْنَٰهُ ءَايَٰتِنَا فَٱنسَلَخَ مِنْهَا فَأَتْبَعَهُ ٱلشَّيْطَٰنُ فَكَانَ مِنَ ٱلْغَاوِينَ ۝

Watlu 'alaihim naba-al ladzii aatainaahu aayaatinaa fansalakha minhaa fa-atba'a-husy syaithaanu fakaana minal ghaawiin.

---

kagem tiyang normal, dados boten wonten Syari'atipun ingkang sarwa ngrekaosaken kekiyatan phisik lan psihis-ipun manungsa. Tiyang ingkang sampun ngucap Syahadat Kalih, inggih punika tiyang sampun Islam, lajeng tumindak lahir lan batosipun kedah cocok kalayan sadaya wulangan Islam ingkang dipun tuntunaken dening Nabi Muhammad s.a.w. "Kenging punapa Islam punika cocok kaliyan kodrat lan fitrahing manungsa? Sabab manungsa punika gadhah naluri ngipuk-ipuk anjagi lestarinipun dados manungsa, eksistensinipun gesang ing 'alam Donya kedah berjoang angginakaken 'alam sakiwa tengenipun, lan damel kasahenan sasaged-sagedipun. Pramila lajeng kepingin gadhah katurunan, hak milik pribadi lan bebrayan gotong-royong sapiturutipun, damel kabudayan ingkang manfa'at, edi, lan langgeng, sarta universil; bab punika Islam tansah damel sistim tetimbangan ingkang harmonis. Antawisipun ratio lan emosi, lan antawisipun individu lan masyarakat. Upami, sinaosa dados pemimpin umat, sampun ngantos kasupen salaki-rabi, ingkang limrah lan bares kemawon, punika asli piwucal Agami Islam.
Boten pareng puwasa ngebleng, patigeni 40 dinten 40 dalu boten dhahar boten ngunjuk, sarta boten ngendikan! Shiyam ingkang utami tur wajib, namung wiwit Subuh dumugi Maghrib, manawi sampun Maghrib supados enggal buka, dhahar lan ngunjuk. Sholat tarawih 11 reka'at, tadarus Quraan, kuliyah Subuh, lajeng siyangipun nyambut damel biasa kemawon. Makaten ngantos sewulan, kadhang 29 dinten, kadhangkala 30 dinten! Lan wekdal dalu Shiyam kenging suka-suka kaliyan garwa (cumbana) kados pundi biasanipun; dene panutuping 'ibadah Shiyam, sedasa dinten badhe telas, supados cancut taliwanda, bakda jam 12 dalu kautamekaken 'Itikaf ing Mesjid, lan ngathah-ngathahaken dedana dhumateng sanak sadherek lan mitra ingkang kasekengan. Dados boten perlu lajeng minggah redi utawi dhateng pesisir ingkang wingit, sarta mlebet guwa ingkang angker, wonten wono piyambakan, yen ngendikan nangge isyarat, kersa dhahar manawi dipun sukani tiyang, lan sanes-sanesipun cara aneh-aneh, nyentrik lan luarbiasa, punika sadaya menggahing Islam boten cocok kaliyan fitrahing manungsa ingkang wajib pados rezeki sarana halal tur cara ingkang sahe!

176. Lan manawa wis dadi kaparenging karsanIngsun, sayekti Ingsun ngangkat dheweke kalawan ayat iku dadi golongane wong kang becik, ananging dheweke banget kasengseme marang Kadonyan sarta hawa nafsune. Mungguh sanepane wong-wong mau kaya dene sanepane asu. Sira gusah mung melet, sira enengake wae, hiya tansah mung melet, kaya mangkono mau sanepane wong kang padha maido marang ayat-ayatIngsun. Mula sira nyaritakna carita kang kasebut ing dhuwur iku, supaya dheweke padha gelem mikir-mikir!

١٧٦- وَلَوْ شِئْنَا لَرَفَعْنٰهُ بِهَا وَلٰكِنَّهٗٓ اَخْلَدَ اِلَى الْاَرْضِ وَاتَّبَعَ هَوٰىهُ ۚ فَمَثَلُهٗ كَمَثَلِ الْكَلْبِ ۚ اِنْ تَحْمِلْ عَلَيْهِ يَلْهَثْ اَوْ تَتْرُكْهُ يَلْهَثْ ۚ ذٰلِكَ مَثَلُ الْقَوْمِ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا ۚ فَاقْصُصِ الْقَصَصَ لَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُوْنَ ۝

Walau syi'naa larafa'naahu bihaa walaakinnahuu akhlada ilal ardhi wattaba'a hawaah, famatsaluhuu kamatsalil kalb, in tahmil 'alaihi yalhats au tatruk-hu yalhats, dzaalika matsalul qaumil ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa, faqshushil qashasha la'allahum yatafakkaruun.

177. Ala temen pepindhane wong kang padha maido ing ayat-ayatIngsun, lan wong-wong mau tetep padha anganiaya marang awake dhewe.

١٧٧- سَآءَ مَثَلًا ِۨالْقَوْمُ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا وَاَنْفُسَهُمْ كَانُوْا يَظْلِمُوْنَ ۝

Saa-a matsalanil qaumul ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa wa anfusahum kaanuu yazhlimuun.

Sifate wong kang padha manggon ing Naraka.

178. Sapa wae sing dituduhake dening Allah, mangka dheweke iku aran wong kang oleh pituduh, lan sapa wae kang disasarake dening Allah, wong-wong mau yaiku kang padha kapitunan.

١٧٨- مَنْ يَّهْدِ اللّٰهُ فَهُوَ الْمُهْتَدِيْ ۚ وَمَنْ يُّضْلِلْ فَاُولٰۤىِٕكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ۝

May yahdillaahu fahuwal muhtadiy, wamay yudhlil fa-ulaa-ika humul khaasiruun.

179. Sayekti Ingsun wus ndadekake akeh-akehing jin lan manungsa dadi urub-urubing Naraka Jahanam; jeneh dheweke padha duwe ati, ananging ora kanggo mangerteni, lan dheweke padha darbe paningal, ananging ora kanggo andeleng, sarta dheweke uga padha duwe kuping, nanging ora kanggo ngrungokake. Wong-wong kang mangkono iku kaya dene raja kaya, malah dheweke iku luwih sasar, wong-wong kang mangkono mau yaiku wong kang padha lali.

١٧٩- وَلَقَدْ ذَرَاْنَا لِجَهَنَّمَ كَثِيْرًا مِّنَ الْجِنِّ وَالْاِنْسِ ۖ لَهُمْ قُلُوْبٌ لَّا يَفْقَهُوْنَ بِهَا ۫ وَلَهُمْ اَعْيُنٌ لَّا يُبْصِرُوْنَ بِهَا ۫ وَلَهُمْ اٰذَانٌ لَّا يَسْمَعُوْنَ بِهَا ۫ اُولٰۤىِٕكَ كَالْاَنْعَامِ بَلْ هُمْ اَضَلُّ ۫ اُولٰۤىِٕكَ هُمُ الْغٰفِلُوْنَ ۝

Walaqad dzara'naa lijahannama katsiiram minal jinni wal-insi, lahum quluubul laa yafqahuuna bihaa wa lahum a'yunul laa yubshiruuna bihaa, wa lahum aadzaanul laa yasma'uuna bihaa, ulaa-ika kal-an'aami bal hum adhall, ulaa-ika humul ghaafiluun.

Siksaning Allah tumrap wong kang padha duraka.

180. Lan Panjenengane Allah iku kang kagungan asma kang becik, 400) jalaran saka iku, sira kabeh padha nenuwuna marang PanjenengaNe kalawan nyebut asma-asma kang becik iku. Sarta wong-wong kang menggok anggone nyebut asma-asmane Allah.*) Wong wong mau bakal padha diwales miturut apa kang wus padha ditindakake.

١٨٠- وَلِلّٰهِ الْأَسْمَآءُ الْحُسْنٰى فَادْعُوْهُ بِهَا ۪ وَذَرُوا الَّذِيْنَ يُلْحِدُوْنَ فِيْٓ أَسْمَآئِهٖ ۭ سَيُجْزَوْنَ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Walillaahil asmaa-ul husnaa fad'uuhu bihaa, wadzarul ladziina yulhiduuna fii asmaa-ihii sayujzauna maa kaanuu ya'maluun.

181. Lan sawenehe wong kang wus Ingsun titahake, ana sawijining golongan kang padha gelem anuduhake marang kang bener, sarta dheweke mau dhasar padha tumindak 'adil.

١٨١- وَمِمَّنْ خَلَقْنَآ أُمَّةٌ يَّهْدُوْنَ بِالْحَقِّ وَبِهٖ يَعْدِلُوْنَ ۝

Wa mimman khalaqnaa ummatuy yahduuna bilhaqqi wa bihii ya'diluun.

182. Dene wong-wong kang padha maido marang ayat-ayatIngsun iku sayekti bakal Ingsun cedhakake 401) marang karusakan sathithik saka sathithik, nganggo cara kang dheweke ora padha mangerti.

١٨٢- وَالَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا سَنَسْتَدْرِجُهُمْ مِّنْ حَيْثُ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Walladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa sanastadrijuhum min haitsu laa ya'lamuun.

183. Lan Ingsun anyrantekake marang dheweke, sanyata rancangan pangrekanIngsun iku satuhu kukuh banget.

١٨٣- وَأُمْلِيْ لَهُمْ ۭ إِنَّ كَيْدِيْ مَتِيْنٌ ۝

Wa umlii lahum, inna kaidii matiin.

184. Apa dheweke ora padha mikir-mikir manawa kancane yaiku Muhammad, iku ora owah (edan). Ora liya dheweke Muhammad iku, kajaba dadi juru pepeling kang terang.

١٨٤- أَوَلَمْ يَتَفَكَّرُوْا ۗ مَا بِصَاحِبِهِمْ مِّنْ جِنَّةٍ ۭ إِنْ هُوَ إِلَّا نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ۝

Awalam yatafakkaruu maa bishaahibihim min jinnah, in huwa illaa nadziirum mubiin.

185. Apa wong-wong mau durung padha andeleng (anggatekake) marang Karatoning Langit lan Bumi, sarta samubarang titahing Allah. mBok manawa wektu matine wong-

١٨٥- أَوَلَمْ يَنْظُرُوْا فِيْ مَلَكُوْتِ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ وَمَا خَلَقَ اللّٰهُ مِنْ شَيْءٍ ۙ وَّأَنْ عَسٰٓى أَنْ يَّكُوْنَ قَدِ اقْتَرَبَ

---

400). Asmaa-ul husna, tegesipun asma-asma Agung ingkang cocok kaliyan sifat-sifat Kaagunganipun Allah.

401). Sanas tadrijuhum: tegesipun tetiyang ingkang sami maiben ing Agami dipun kendelaken kesasar samargi-margi boten insaf, lan sakedhik mbaka sakedhik nandhang karisakan materiil lan spirituil.

*). Tegesipun sampun ngantos dipun gatekaken tetiyang ngremehaken asmaa-ul husna kangge nyembah ing Allah, utawi angginakaken asmaa-ul husna kangge sasanesipun Allah.

wong mau wus cedhak, perlu dheweke banjur padha nindakake kabecikan, mangka manawa wong-wong mau wus ora padha gelem iman marang Quraan, arep iman marang Kitab apa maneh, sawuse Quraan?

أَجَلُهُمْ ۚ فَبِأَيِّ حَدِيثٍ بَعْدَهُ يُؤْمِنُونَ ۝

Awalam yanzhuruu fii malakuutis samaawaati wal ardhi wamaa khalaqallaahu min syaii', wa-an 'asaa ay yakuuna qadiqtaraba ajaluhum, fabi-ayyi hadiitsim ba'dahuu yu'minuun.

186. Dene wong kang wus disasarake dening Allah, mesthi ora ana kang bisa nuduhake marang dheweke, lan PanjenengaNe Allah nguja ing wong-wong mau, sajeroning kasasare padha bingung.

١٨٦- مَنْ يُضْلِلِ اللَّهُ فَلَا هَادِيَ لَهُ ۖ وَيَذَرُهُمْ فِي طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُونَ ۝

May yudhlilillaahu falaa haadiya lah, wayadzaruhum fii thughyaanihim ya'mahuun.

Mung Allah piyambak kang pirsa tumibane dina Qiyamat.

187. Dheweke bakal padha pitakon marang sira Muhammad bab dina Qiyamat, kapan bakal kelakone? Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata 'ilmu bakal kelakone dina Qiyamat iku mung ana ing ngarsaning Allah Pangeran sesembahanku piyambak. Ora ana kang bisa nerangake waktune kajaba mung PanjenengaNe Allah piyambak. Tekane dina Qiyamat iku andadekake dahuru-gegere kabeh makhluk kang ana ing Langit lan Bumi, tur dina Qiyamat iku ora teka marang sira kabeh kajaba dadakan. Dheweke padha pitakon marang sira Muhammad bab dina Qiyamat, iku jalaran padha ngira yen sira mangerti bab bakal tekane. Dhawuha sira Muhammad: " 'Ilmune dina Qiyamat iku ana ing ngarsaning Allah pribadi, ananging akeh-akehe wong ora padha mangerti".

١٨٧- يَسْأَلُونَكَ عَنِ السَّاعَةِ أَيَّانَ مُرْسَاهَا ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِنْدَ رَبِّي ۖ لَا يُجَلِّيهَا لِوَقْتِهَا إِلَّا هُوَ ۚ ثَقُلَتْ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ لَا تَأْتِيكُمْ إِلَّا بَغْتَةً ۗ يَسْأَلُونَكَ كَأَنَّكَ حَفِيٌّ عَنْهَا ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِنْدَ اللَّهِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Yas-aluunaka 'anissaa'ati ayyaana mursaahaa, qul innamaa 'ilmuhaa 'inda rabbii, laa yujalliihaa liwaqtihaa illaa huwa, tsaqulat fissamaawaati wal ardh, laa ta'tiikum illaa baghtah, yas-aluunaka kaannaka hafiyyun 'anhaa, qul innamaa 'ilmuhaa 'indallaahi walaakinna aktsarannaasi laa ya'lamuun.

188. Dhawuha sira Muhammad: "Aku dhewe ora bisa aweh piguna, lan ora bisa nulak bebaya kang ngenani marang awakku, kajaba mung sumarah apa karsaning Allah. Lan upama aku mangerti barang ghaib, sayekti aku nyengkut ngakehake tumindak becik, lan aku ora bisa ketaman bebaya. Sajatine, aku iki ora liya kajaba mung dadi juru pepeling, lan tukang ambebungah marang golongan kang padha iman".

١٨٨- قُلْ لَا أَمْلِكُ لِنَفْسِي نَفْعًا وَلَا ضَرًّا إِلَّا مَا شَاءَ اللَّهُ ۚ وَلَوْ كُنْتُ أَعْلَمُ الْغَيْبَ لَاسْتَكْثَرْتُ مِنَ الْخَيْرِ ۛ وَمَا مَسَّنِيَ السُّوءُ ۚ إِنْ أَنَا إِلَّا نَذِيرٌ وَبَشِيرٌ لِقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ۝ ع ٢٣ ١٣

Qul laa amliku linafsii naf'aw walaa dharran illaa maa syaa-allaah, walau kuntu a'lamul ghaiba lastaktsartu minal khair, wamaa massaniyas suu', in ana illaa nadziiruw wa basyiirul liqaumiy yu'minuun.

Gusti Allah paring pepeling, sangkan paraning dumadining manungsa!

189. PanjenengaNe Allah iku Pangeran sesembahan kang anitahake sira kabeh saka awak siji, lan PanjenengaNe banjur andadekake bojone tunggal bangsane, supaya manggon karo bojone tentrem atine. Bareng dheweke wus karon resmi, nuli kang wadon banjur wiwit nggarbini, kalawan kandhutan kang isih enom iku dheweke isih kongang mlaku, nanging bareng wetengane mau wus tuwa, sakarone padha nenuwun marang Allah Pangeran sesembahane: "Manawi Paduka maringaken dhumateng kita anak ingkang shaleh, sayektos kita badhe kalebet golonganipun tetiyang ingkang sami syukur".

١٨٩. هُوَ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَجَعَلَ مِنْهَا
زَوْجَهَا لِيَسْكُنَ إِلَيْهَا ۖ فَلَمَّا تَغَشَّاهَا حَمَلَتْ حَمْلًا
خَفِيفًا فَمَرَّتْ بِهِ ۖ فَلَمَّا أَثْقَلَتْ دَعَوَا اللَّهَ رَبَّهُمَا
لَئِنْ آتَيْتَنَا صَالِحًا لَنَكُونَنَّ مِنَ الشَّاكِرِينَ ۝

Huwal ladzii khalaqakum min nafsiw waahidatiw waja'ala minhaa zaujahaa liyaskuna ilaihaa, falammaa taghasysyaahaa hamalat hamlan khafiifan famarrat bih, falammaa atsqalat da'awallaaha rabbahumaa la-in aataitanaa shaalihal lanakuunanna minasy syaakiriin.

190. Sawuse PanjenengaNe maringi putra kang becik marang sakarone,[402] dheweke banjur padha aweh jeneng marang anake iku, dadi sakuthuning Allah (kayata dijenengake Abdul 'Uza). Mangka PanjenengaNe Allah iku Maha Luhur ngungkuli kang dianggep dadi sakuthuning Allah.

١٩٠. فَلَمَّا آتَاهُمَا صَالِحًا جَعَلَا لَهُ شُرَكَاءَ فِيمَا آتَاهُمَا ۚ
فَتَعَالَى اللَّهُ عَمَّا يُشْرِكُونَ ۝

Falammaa aataahumaa shaalihan ja'alaa lahuu syurakaa-a fiimaa aataahumaa, fata'aalallaahu 'ammaa yusyrikuun.

191. Apata dheweke iku padha nyakuthokake barang kang ora bisa gegaweyan apa-apa, malah brahalane dhewe iku padha digawe dening uwong.

١٩١. أَيُشْرِكُونَ مَا لَا يَخْلُقُ شَيْئًا وَهُمْ يُخْلَقُونَ ۝

Ayusyrikuuna maa laa yakhluqu syaiaw wahum yukhlaquun.

192. Lan brahala-brahala iku marang wong-wong mau ora padha bisa aweh pitulung, lan malah marang awake dhewe uga ora bisa nulungi.

١٩٢. وَلَا يَسْتَطِيعُونَ لَهُمْ نَصْرًا وَلَا أَنْفُسَهُمْ يَنْصُرُونَ ۝

Walaa yastathii'uuna lahum nashraw walaa anfusahum yanshuruun.

193. Lan manawa sira kabeh padha ngajak wong kang padha musyrik iku marang pituduh, dheweke ora padha gelem manut ing sira kabeh. Tumraping sira kabeh dheweke iku padha bahe sira supaya nindakake pituduh utawa sira enengake wae.

١٩٣. وَإِنْ تَدْعُوهُمْ إِلَى الْهُدَىٰ لَا يَتَّبِعُوكُمْ ۖ سَوَاءٌ عَلَيْكُمْ
أَدَعَوْتُمُوهُمْ أَمْ أَنْتُمْ صَامِتُونَ ۝

Wa-in tad'uuhum ilal hudaa laa yattabi'uukum sawaa-un 'alaikum ada'au tumuuhum am antum shaamituun.

402). Tiyang musyrik sami andadosaken anak-anakipun dados sekuthon kagem Allah, lan andadosaken anakipun brahala, kadosta dipun namekaken Abdu Syamsi, Abdu Manaah l.s.p.

Manungsa ora pantes nyembah brahala

194. Satemene brahala-brahala kang padha sira sembah-sembah saliyane Allah, dheweke iku mung titah padha karo sira kabeh. Mara coba! sira padha anjejaluka marang brahala-brahala iku, supaya dheweke ngabulake ing penjalukira kabeh, yen nyata sira kabeh iku padha temen!

١٩٤- إِنَّ الَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِ اللَّهِ عِبَادٌ أَمْثَالُكُمْ
فَادْعُوهُمْ فَلْيَسْتَجِيبُوا لَكُمْ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ٥

Innalladziina tad'uuna min duunillaahi 'ibaadun amtsaalukum fad'uuhum fal-yastajiibuu lakum inkuntum shaadiqiin.

195. Apa brahala-brahala iku padha duwe sikil kang kanggo lumaku? utawa apa duwe tangan kang kanggo nyekel? utawa apa duwe mripat kang kanggo andeleng? utawa apa duwe kuping kang kanggo ngrungokake? Dhawuha sira Muhammad: "Mara sira padha anjejaluka marang brahala sakuthunira iku, nuli sira padha goleka reka-daya, sira ora perlu ngenteni aku". 403)

١٩٥- أَلَهُمْ أَرْجُلٌ يَمْشُونَ بِهَا أَمْ لَهُمْ أَيْدٍ يَبْطِشُونَ بِهَا
أَمْ لَهُمْ أَعْيُنٌ يُبْصِرُونَ بِهَا أَمْ لَهُمْ آذَانٌ يَسْمَعُونَ
بِهَا قُلِ ادْعُوا شُرَكَاءَكُمْ ثُمَّ كِيدُونِ فَلَا تُنظِرُونِ ٥

Alahum arjuluy yamsyuuna bihaa, am lahum aidiy yabthisyuuna bihaa am lahum a'yunuy yubshiruuna bihaa. am lahum aadzaanuy yasma'uuna bihaa, Qulid'uu syurakaa-akum tsumma kii-duuni falaa tunzhiruun.

196. Sanyata Bandara kang nguwasani awak-ku iku mung Allah, yaiku kang wus nurunake Kitab Quraan, lan hiya mung PanjenengaNe pribadi kang nulungi marang wong-wong kang padha shaleh.

١٩٦- إِنَّ وَلِيِّيَ اللَّهُ الَّذِي نَزَّلَ الْكِتَابَ وَهُوَ يَتَوَلَّى
الصَّالِحِينَ ٥

Inna waliyyiyallaahul ladzii nazzalal kitaab, wahuwa yatawallash shaalihiin.

197. Ana dene brahala kang padha sira sembah saliyane Allah, iku ora padha bisa nulungi ing sira kabeh, sarta ora bisa nulungi marang awake dhewe.

١٩٧- وَالَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِهِ لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَكُمْ
وَلَا أَنفُسَهُمْ يَنصُرُونَ ٥

Walladziina tad'uuna min duunihii laa yastathii'uuna nashrakum walaa anfusa-hum yanshuruun.

198. Lan manawa sira ngajak marang dhe-weke nindakake pituduh, dheweke ora padha krungu, lan sira sumurup dheweke mau pa-dha andeleng marang sira, nanging sajatine dheweke iku ora padha weruh.

١٩٨- وَإِن تَدْعُوهُمْ إِلَى الْهُدَىٰ لَا يَسْمَعُوا وَتَرَاهُمْ
يَنظُرُونَ إِلَيْكَ وَهُمْ لَا يُبْصِرُونَ ٥

Wa-in tad'uuhum ilal hudaa laa yasma-'uu, wataraahum yanzhuruuna ilaika wa hum laa yubshiruun.

403). Artosipun mokal sanget manawi brahala-brahala wau saged gadhah daya lan kekiyatan kados dene daya lan kuwaosipun Allah ingkang Maha Agung, tur Maha Adil. Pramila nama nistha sanget ing atasipun manungsa makhluk ingkang gadhah kabudayan teka malah nyembah, sesaji, nenuwun lan ajrih dhumateng brahala ingkang dipun damel piyambak! Dados musyrik punika ngasoraken kamanungsan, lan dosa ageng ingkang boten badhe dipun apunten dening Allah s.w.t.

Dhedhasare budi-pekerti kang utama.

199. He Muhammad! Sira sing gedhe pangapuramu lembah-manah (murah ati), sarta dhawuha marang panggawe becik, lan ngungkurna marang wong-wong kang bodho-bodho.

١٩٩ - خُذِ الْعَفْوَ وَأْمُرْ بِالْعُرْفِ وَأَعْرِضْ عَنِ الْجٰهِلِيْنَ ۝

Khudzil 'afwa wa'mur bil'urfi wa-a'ridh 'anil jaahiliin.

200. Lan samangsa sira gawe susah dening panggodhaning syetan, sira banjur nyuwuna reksa marang Allah, sanyata PanjenengaNe iku kang Maha Midhanget tur kang Ngudaneni.

٢٠٠ - وَإِمَّا يَنْزَغَنَّكَ مِنَ الشَّيْطٰنِ نَزْغٌ فَاسْتَعِذْ بِاللّٰهِ ۚ إِنَّهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

Wa-immaa yanzaghannaka minasy syaithaani nazghun fasta'idz billaah, innahuu samii'un 'aliim.

201. Sanyata wong kang padha taqwa ing Allah,[404] iku manawa dheweke kataman ing panggodhaning syetan, ndilalah dheweke banjur padha eling marang Allah; jalaran elinge iku, satemah dadi permana paningale.

٢٠١ - إِنَّ الَّذِيْنَ اتَّقَوْا إِذَا مَسَّهُمْ طٰٓئِفٌ مِّنَ الشَّيْطٰنِ تَذَكَّرُوْا فَإِذَا هُمْ مُّبْصِرُوْنَ ۝

Innalladziinat taqau idzaa massahum thaa-ifum minasy syaithaani tadzakkaruu fa-idzaa hum mubshiruun.

202. Dene kanca-kancane, yaiku wong kafir lan wong gasik, padha nulungi marang wong-wong mau amrih tetep ana ing kasasare, temahan dheweke ora padha gelem leren anggone nyasar-nyasarake.

٢٠٢ - وَإِخْوَانُهُمْ يَمُدُّوْنَهُمْ فِي الْغَيِّ ثُمَّ لَا يُقْصِرُوْنَ ۝

Wa ikhwaanuhum yamudduunahum fil ghayyi tsumma laa yuqshiruun.

---

404). Dhasar utawi fondhasi budipekerti utami punika taqwa ing Allah; dene cawang-cawangipun akhlaqulkarimah kadosta: 1. **Hikmah**, artosipun samukawis ingkang pancen saged ginayuh ing 'akal saged pinanggih wonten ing kaleresan. Saking budipekerti hikmah punika lajeng tuwuh budi wening, landhep, elingan, manah lantip, remen memikir l.s.p. 2. **'Iffah**, artosipun tingkahing nafsu syahwat sampun temata, tundhuk dhateng 'akal tur miturut saestu dhateng Syara' Agami. Saking budi-pekerti 'iffah punika, lajeng tuwuh watak prawira, wirangan, jujur, ayeman, alus, besus, tata-tentrem, wirama, jatmika, wirangi, gemi lan nastiti. 3. **Syaja'ah**, artosipun tingkahing nafsu ghadlab sampun nungkul tundhuk dhateng 'akal manut tuntunaning Agami. Saking budi-pekerti syaja'ah (kekendelan) punika lajeng tuwuh watak ageng sarta luhur bebudenipun, rosa tur santosa pikajenganipun, teguh saha teteg manahipun, purun prihatos lan rekaos, sabar lan telatos, aris lan sareh, sarta berbudi bawa laksana, remen tetulung dhateng sasama. 4. **'Adalah** (jejeg utawi 'adil) artosipun lumampahing nafsu sampun jejeg, satunggal lan satunggalipun timbang, boten bot-sih utawi jomplang, saha boten nerak dhateng anggering Agami. Saking budi-pekerti 'adalah wau lajeng tuwuh watak remen tepa-tepa lan tepa-sarira, remen males sahe, sarta sih-sinihan ingkang murni, lan remen 'ibadah ing Allah, manahipun kemanthil-kanthil wonten Mesjid, sarta remen ngajeni ing ngasanes, remen dhateng kasusilan tuwin memitran, sarta gumolong ingkang sajati, remen nyambet pasedherekan lan sesanakan sarta kakancan tuwin kekempalan, arisan, ingkang sae-sae lan utami! Sakawan warni Budipekerti ingkang utami punika kasebat ing Al Quraan lan Hadist Shahih, lan wonten ing Ilmu Modern kalebet rembag muyek. wonten ilmu masyarakat kawastanan **Ethica ('Ilmu Akhlaq)**. Punapa malih kagem para Pimpinan Nasional, Guru, Ulama, Pejabat Sipil utawi Militer, utawi Bapa lan Ibu, sekawan Budi-pekerti lan cabang-cabangipun punika manawi sampun saged dados solah bawa, muna lan muni-nipun, saeba badhe nikmat munfa'at lan raharjanipun. Pembangunan Nasional kita, badhe sukses, badhe karaharjan lahir batos, ingkang kaayoman Sih Berkahing Gusti Allah, Pangeran pepundhen kita! Makaten, mugi Allah ngijabahi, amin!

Tata kramane maca Quraan lan Dzikir.

203. Lan manawa sira ora nekakake ayat Al Quraan marang wong-wong mau, dheweke padha ngucap: "Kados pundi panjenengan kok dangu sanget boten andhatengaken ayat?" Dhawuha sira Muhammad: "Satemene aku iki harak mung sadrema andherek apa kang kawahyokake marang aku saka Pangeran sesembahanku. Lan Quraan iki tekane saka ngarsane Pangeran sesembahanku minangka dadi pituduh sarta rakhmat tumrap wong-wong kang padha Mukmin".

٢٠٣- وَإِذَا لَمْ تَأْتِهِم بِآيَةٍ قَالُوا لَوْلَا اجْتَبَيْتَهَا قُلْ إِنَّمَا أَتَّبِعُ مَا يُوحَىٰ إِلَيَّ مِن رَّبِّي هَٰذَا بَصَائِرُ مِن رَّبِّكُمْ وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ۝

Wa idzaa lam ta'tihim bi-aayatin qaaluu laulaj tabaitahaa; qul innamaa attabi'u maa yuuhaa ilayya mir rabbii, haadzaa bashaa-iru mir rabbikum wa hudaw wa rahmatul liqaumiy yu'minuun.

204. Dene manawa Quraan iku lagi diwaca, [405] dienggal sira padha ngrungokna sarta menenga aninglingake, supaya sira kabeh padha pinaringan rakhmat!

٢٠٤- وَإِذَا قُرِئَ الْقُرْآنُ فَاسْتَمِعُوا لَهُ وَأَنصِتُوا لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ۝

Wa-idzaa quri-al qur-aanu fastami'uu lahuu wa anshituu la'allakum turhamuun.

205. Lan sira kabeh padha nyebuta asmane Pangeran sesembahanira ana ing telenging atinira kalawan dhedhepe, lan kanthi rasa dhedhepe, lan kanthi rasa wedi sarta sarana suwara kang ngarih-arih lirih-lirih ana ing wayah bangun umun-umun lan sore. Lan sira aja padha kalebu golongane wong-wong kang padha lali.

٢٠٥- وَاذْكُر رَّبَّكَ فِي نَفْسِكَ تَضَرُّعًا وَخِيفَةً وَدُونَ الْجَهْرِ مِنَ الْقَوْلِ بِالْغُدُوِّ وَالْآصَالِ وَلَا تَكُن مِّنَ الْغَافِلِينَ ۝

Wadzkur rabbaka fii nafsika tadharru-'aw wa khiifataw wa duunal jahri minal qauli bilghuduwwi wal aashaali walaa takum minal ghaafiliin.

206. Sanyata para Malaikat kang padha ana ing ngarsaning Allah iku kabeh ora padha gumedhe anggone padha manembah marang PanjenengaNe, nanging padha maha nucekake lan marang PanjenengaNe padha sujud.

٢٠٦- إِنَّ الَّذِينَ عِندَ رَبِّكَ لَا يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِهِ وَيُسَبِّحُونَهُ وَلَهُ يَسْجُدُونَ ۝

Innal ladziina 'inda rabbika laa yastakbiruuna 'an 'ibaadatihii wa yusabbihuunahuu walahuu yasjuduun.

---

405). **Bab tata-krami maos Al Quraan, mirsanana bab "Kawigatosanipun kitab suci Al Quraan", kaca wingking!**

***). **Kados katerangan panutup ing saben-saben Surat, lan kagem sawatawis pasinaon tandhingan (comparative study) antawisipun Surat Al A'raaf kaliyan Surat Al Anfaal, makaten andharanipun:**

1. Ingkang murwakani Surat A'raaf punika katerangan bab kuwajibanipun manungsa ittiba' utawi andherek Sunnah-Nabawy (tindak dalem Kanjeng Nabi s.a.w.); background-ipun purnpa, dene awal pasulayanipun Heyang Nabi Adam a.s. kaliyan iblis punika dumugi ing zaman modern sapunika tetep wonten. Inggih punika tiyang ta'at ing Agami (ndherek para andika Rasul) aben ajeng kaliyan tiyang ingkang mbangkang sarta kafir, punika cetha manut iblis, dajal ingkang dipun laknati dening Allah s.w.t. Ing pungkasaning surat A'raaf meca tata-krami lan adab-sopan santun cara Agami ingkang salaras kaliyan gesang sesrawungan, maos-maos do'a lan zikir!

2. Akhir surat A'raaf anerangaken kados pundi para andika Rasul, saderengipun Rasulullah s.a.w. ngadhepi kaumipun, ingkang kathah-kathahipun sami mbangkang, dene awal surat Anfaal anjlentrehaken Rasulullah s.a.w. tinanggenah ngitik-itik umatipun saDonya!

3. Salebeting surat A'raaf dipun gambaraken jelas ing Suwarga, heyang Nabi Adam a.s. ngadhepi panggodhanipun iblis, punika dados bibit kawitipun manungsa tansah kedah awas, eling lan waspada ngadhepi pambujukipun iblis, lumantar hawa-nafsu ingkang srakah lan nguthuh, boten gadhah isin lan gas-gasan, ugal-ugalan tanpa tata, adigang-adigung-adiguna!

4. Ing surat Anfaal kasebat, bab cara pambagenipun jarahan-perang (ingkang tamtunipun sampun boten sami kaliyan zaman samangke, ing bab pampasan perang!), hukum indiscipline (boten netepi aturan militer), hukum tawanan perang, siaga sarta latihan, lan pirantosing peperangan, tujuan perang ing Islam, wajib mbudidaya dhame, larangan khiyanat ing Allah lan Rasul, sarta larangan khiyanat ing parjanjian.

AL ANFAAL (JARAHAN PERANG)

Surat kaping 8 : 75 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, tumurun sawuse Surat Al Baqarah, kajaba ayat 30 tumeka entek-entekane ayat 36 iku diwahyokake ana ing Mekkah

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim

Sejarah peperangan ing palagan Badar. Allah lan Rasul kang mernata pambagening jarahan perang.

1. Wong-wong akeh padha nyuwun pirsa marang sira Muhammad, bab pambagene barang jarahan-perang. Dhawuha sira Muhammad: "Barang jarahan-perang iku ana ing panguwasaNe[406] Allah lan Rasul UtusaNe, kabage dening Rasul miturut dhawuhing Allah. Lan sira padha sing taqwa wedi ing Allah, apa dene sira padha tumindaka kang becik ana ing antarane sanak sadulurira. Sarta supaya sira padha ngestokna marang Allah lan UtusaNe, yen nyata sira kabeh iku padha iman".

١ - يَسْئَلُوْنَكَ عَنِ الْاَنْفَالِ ۗ قُلِ الْاَنْفَالُ لِلّٰهِ وَالرَّسُوْلِ ۚ فَاتَّقُوا اللّٰهَ وَاَصْلِحُوْا ذَاتَ بَيْنِكُمْ ۖ وَاَطِيْعُوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗٓ اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ٥

Yas-aluunaka 'anil anfaal, qulil anfaalu lillaahi warrasuul, fattaqullaaha wa ashlihuu dzaata bainikum wa athii'ullaaha warasuulahuu inkuntum mu'miniin.

2. Dene kang diarani wong-wong kang padha Mukmin, yaiku wong-wong kang manawa asmaNe Allah disebut,[407] atine padha krasa wedi, lan manawa diwacakake ayating Allah, ayat iku nambahi piyandele wong-wong mau, lan dheweke marang Allah Pangeran sesembahane, padha pasrah.

٢ - اِنَّمَا الْمُؤْمِنُوْنَ الَّذِيْنَ اِذَا ذُكِرَ اللّٰهُ وَجِلَتْ قُلُوْبُهُمْ وَاِذَا تُلِيَتْ عَلَيْهِمْ اٰيٰتُهٗ زَادَتْهُمْ اِيْمَانًا وَّعَلٰى رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُوْنَ ۚ

Innamal mu'minuunal ladziina idzaa dzukirallaahu wajilat quluubuhum wa-idzaa tuliyat 'alaihim aayaatuhuu zaadathum iimaanaw wa'alaa rabbihim yatawakkaluun.

406). Tegesipun pambageanipun jarahan perang punika miturut katamtuaning Allah lan Rasulullah s.a.w.

407). Inggih punika tetiyang Mukmin ingkang sampurna (murni sarta konsekwen)! anggenipun nindakaken syari'at Islam, ingkang awrat lan entheng, sadaya dipun 'amalaken sarana lega lan ikhlasing manah!

3. Yaiku wong-wong kang padha ngedegake Shalat, lan kang wus padha andanakake sabagean bandha, rejeki kang Ingsun paringake marang dheweke.

٣ - الَّذِيْنَ يُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ۝

Alladziina yuqiimuunash shalaata wa mimmaa razaqnaahum yunfiquun.

4. Wong-wong kang mangkono iku, tetep yaiku wong-wong Mukmin sajati, dheweke bakal kaparingan derajat-pangkat kang mulya ana ing ngarsaning Allah Pangeran sesembahane, lan bakal padha kaparingan pangaksama sarta rezeki kang mulya utama.

٤ - اُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُؤْمِنُوْنَ حَقًّا ۭ لَهُمْ دَرَجٰتٌ عِنْدَ رَبِّهِمْ وَمَغْفِرَةٌ وَّرِزْقٌ كَرِيْمٌ ۝

Ulaa-ika humul mu'minuuna haqqaa, lahum darajaatun 'inda rabbihim wa maghfiratuw wa rizqun kariim.

Saweneh saka Sahabat ana kang emoh ndherek peperangan Badar!

5. Kayadene Pangeran sesembahanira anggone wus ngetokake sira saka omahira kalawan bener, lan sanyatane sagolongan saka wong Mukmin ana uga kang gething ora setuju!

٥ - كَمَآ اَخْرَجَكَ رَبُّكَ مِنْۢ بَيْتِكَ بِالْحَقِّ وَاِنَّ فَرِيْقًا مِّنَ الْمُؤْمِنِيْنَ لَكٰرِهُوْنَ ۝

Kamaa akhrajaka rabbuka mim baitika bilhaqq, wa inna fariiqam minal mu'miniina lakaarihuun.

6. Wong-wong mau padha ambantah marang sira ana ing bab dhawuh kang bener, [408] parintahira metu peperangan! Sawuse padha oleh katerangan kang cetha, sajake dheweke iku rumangsa kaya padha digiring marang pati, ing mangka dheweke padha andeleng (sabab-sababing pati).

٦ - يُجَادِلُوْنَكَ فِي الْحَقِّ بَعْدَ مَا تَبَيَّنَ كَاَنَّمَا يُسَاقُوْنَ اِلَى الْمَوْتِ وَهُمْ يَنْظُرُوْنَ ۝

Yujaadiluunaka filhaqqi ba'da maa tabayyana ka-annamaa yusaaquuna ilal mauti wahum yanzhuruun.

7. Lan nalika PanjenengaNe Allah paring janji marang sira kabeh, manawa sira bakal padha oleh kamenangan kalawan salah sijine golongan loro, [409] lan oleh kamenangan

٧ - وَاِذْ يَعِدُكُمُ اللّٰهُ اِحْدَى الطَّاۗىِٕفَتَيْنِ اَنَّهَا لَكُمْ وَتَوَدُّوْنَ اَنَّ غَيْرَ ذَاتِ الشَّوْكَةِ تَكُوْنُ لَكُمْ وَيُرِيْدُ

---

408). Dhawuh perang punika minangkani dhawuhing Allah, perlu mbelani hak gesanging Da'wah Islamiyah sarta anjagi lestantunipun gesang mardika, lan patut, persaja boten dipun kaniaya dening musyrikin lan kafirin Mekkah.

Ayat no. 4 dumugi no. 13 sampun katerangaken, bilih sintena ndherek perang ateges anjajagi lestantunipun Islam, lan sampun logis jer basuki mawa beya, bilih sintena badhe nggayuh gesang merdika lan adil makmur, kedah wantun prihatos, rekaos, sarta resik niyatipun, sintena ingkang culika, badhe sengsara lan ina salama-lama.

Boten leres manawi sababipun pejah punika sabab perang, kathah para sedherek tilar donya wonten kasur, griya sakit sabab sakit biasa, malah boten sakedhik, tumut peperangan wongsal-wangsul boten dumugining janji, awit estu, pejah punika wonten ngastanipun Allah piyambak!

409). Golongan satunggal kafilah **Abi Sofyan** ingkang mbekta dagangan (komoditi), dene ingkang satunggal kafilahipun **Abi Jahal** ingkang mimpin wadyabala musyrikin Mekkah. Kawusananipun wadyabala Muslimin tempuk lan campuh kaliyan kafilah ingkang wadyabalanipun sikep dedamel mirantos, nanging akhiripun sarana pitulungipun Allah lan disiplinipun, tetiyang Islam saged menang. Saking wontenipun jarahan, pirantos lan gegaman perang, pisik kaum Muslimin tambah kiyat, lan mental tambah yakin; manawi ndherek dhawuhing Allah lan Rasulullah s.a.w. punika wilujeng Donya dumugi Akherat!

saka golongan kang ora anduweni kekuwatan. Allah kang karsa ambenerake lan anetepake barang kang bener sarana pangandikaNe, lan ing wekasan PanjenengaNe karsa nyirnakake wong-wong kang padha kafir.

اللّٰهُ اَنْ يُّحِقَّ الْحَقَّ بِكَلِمٰتِهٖ وَيَقْطَعَ دَابِرَ الْكٰفِرِيْنَ ۙ

Wa-idz ya'idukumullaahu ihdath thaa-i fataini annahaa lakum wa tawadduuna anna ghaira dzaatisy syaukati takuunu lakum wa yuriidullaahu ay-yuhiqqal haqqa bikalimaatihii wa yaqtha'a daabiral kaafiriin.

8. PanjenengaNe Allah karsa ambenerake barang kang bener, lan ngilangi barang kang salah, sanajana wong kang padha dosa iku padha sengit.

٨ - لِيُحِقَّ الْحَقَّ وَيُبْطِلَ الْبَاطِلَ وَلَوْ كَرِهَ الْمُجْرِمُوْنَ ۚ

Liyuhiqqal haqqa wa yubthilal baathila walau karihal mujrimuun.

9. Lan nalikane sira kabeh padha nyuwun pitulungan marang Pangeran sesembahanira, mangka PanjenengaNe Allah uga banjur ngijabahi marang panyuwunira mau, dhawuhing Allah: "Sanyata Ingsun paring pitulungan marang sira kabeh kalawan Malaikat sewu kang tekane gilir-gumanti".

٩ - اِذْ تَسْتَغِيْثُوْنَ رَبَّكُمْ فَاسْتَجَابَ لَكُمْ اَنِّيْ مُمِدُّكُمْ بِاَلْفٍ مِّنَ الْمَلٰٓئِكَةِ مُرْدِفِيْنَ ۝

Idz tastaghiitsuuna rabbakum fastajaaba lakum annii mumiddukum bi-alfim minal malaa-ikati murdifiin.

10. Lan Allah ora andamel kaya mangkono iku, kajaba dadi bebungah lan supaya nentremake ati-atinira, jalaran ora ana pitulungan, kajaba mung saka ngarsane Allah, sanyata Allah iku Maha Kawasa, sarta Maha Wicaksana.

١٠ - وَمَا جَعَلَهُ اللّٰهُ اِلَّا بُشْرٰى وَلِتَطْمَئِنَّ بِهٖ قُلُوْبُكُمْ ۚ وَمَا النَّصْرُ اِلَّا مِنْ عِنْدِ اللّٰهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ۝

Wamaa ja'alahullaahu illaa busyraa wali-tathma-inna bihii quluubukum, waman nashru illaa min 'indillaah, innallaaha 'aziizun hakiim.

11. Nalika Allah nglimputake rasa ngantuk marang sira kabeh amrih tentreme, lan PanjenengaNe nurunake banyu saka ing Langit perlu nyuceni ing sira kabeh, lan kanggo ngilangake pangridhuning syetan saka sira kabeh, sarta kanggo ngukuhake ati-atinira, apadene kanggo netepake delamakanira.

١١ - اِذْ يُغَشِّيْكُمُ النُّعَاسَ اَمَنَةً مِّنْهُ وَيُنَزِّلُ عَلَيْكُمْ مِّنَ السَّمَآءِ مَآءً لِّيُطَهِّرَكُمْ بِهٖ وَيُذْهِبَ عَنْكُمْ رِجْزَ الشَّيْطٰنِ وَلِيَرْبِطَ عَلٰى قُلُوْبِكُمْ وَيُثَبِّتَ بِهِ الْاَقْدَامَ ۝

Idz yughatstsiikumun nu'aasa amanatam minhu wa yunazzilu 'alaikum minas samaa-i maa-al liyuthahhira bihii wa yudzhiba 'ankum rijzasy syaithaani wa liyarbitha 'alaa quluubikum wa yutsabbita bihil aqdaam.

12. Nalika Pangeran sesembahanira paring wahyu marang Malaikat: "Sanyata Ingsun iki anartani ing sira kabeh, mula sira padha netepna atine wong kang padha iman. Ingsun bakal nyelehake rasa wedi ana ing atine wong kang padha kafir. Nuli sira padha nigasa gulu-gulune, lan padha ngrajanga driji-drijine.

١٢ - اِذْ يُوْحِيْ رَبُّكَ اِلَى الْمَلٰٓئِكَةِ اَنِّيْ مَعَكُمْ فَثَبِّتُوا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۗ سَاُلْقِيْ فِيْ قُلُوْبِ الَّذِيْنَ كَفَرُوا الرُّعْبَ فَاضْرِبُوْا فَوْقَ الْاَعْنَاقِ وَاضْرِبُوْا مِنْهُمْ كُلَّ بَنَانٍ ۝

Idz yuuhii rabbuka ilal malaa-ikati annii ma'akum fatsabbitul ladziina aamanuu, sa-ulqii fii quluubil ladziina kafarur ru'ba fadhribuu fauqal a'naaqi wadhribuu minhum kulla banaan.

13. Kang mangkono iku jalaran dheweke tansah padha wani ndaga marang Allah, lan UtusaNe. Dene sing sapa wani ndaga marang Allah, lan UtusaNe, mangertia satemene Allah iku abot banget panyiksane.

١٣- ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ شَآقُّوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ ۚ وَمَنْ يُّشَاقِقِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ فَاِنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ۝

Dzaalika bi-annahum syaaqqullaaha warasuulah, wamay yusyaaqiqillaha wa rasuulahuu fa-innallaaha syadiidul 'iqaab.

14. Hiya iku siksanira ing Donya, mula sira padha ngrasakna! Sanyata wong-wong kafir iku isih padha anduweni maneh siksa Naraka!

١٤- ذٰلِكُمْ فَذُوْقُوْهُ وَاَنَّ لِلْكٰفِرِيْنَ عَذَابَ النَّارِ ۝

Dzaalikum fadzuuquuhu wa anna lilkaafiriina 'adzaaban naar.

Larangan disertasi saka tugas (perang).

15. Para wong Mukmin! manawa sira padha kapethuk karo wong-wong kafir ana ing campuhing peperangan, aja nganti sira ngucira ing yuda (tinggal glanggang colong palayu!).[410]

١٥- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا لَقِيْتُمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا زَحْفًا فَلَا تُوَلُّوْهُمُ الْاَدْبَارَ ۝

Yaa ayyuhalladziina aamanuu idzaa laqiitumul ladziina kafaruu zahfan falaa tuwalluu humul adbaar.

16. Dene sing sapa wonge mundur saka palagan ing dina iku, mundure[411] ora krana andandani operasining (lakune) wadya-bala, utawa ora krana ngumpulake kekuatan karo kancane wong Mukmin, sayekti wong iku bakal nampa bebendu saka ngarsaning Allah, lan bakal manggon ana ing naraka Jahanam, yaiku saala-alaning panggonan bali!

١٦- وَمَنْ يُّوَلِّهِمْ يَوْمَئِذٍ دُبُرَهٗٓ اِلَّا مُتَحَرِّفًا لِّقِتَالٍ اَوْ مُتَحَيِّزًا اِلٰى فِئَةٍ فَقَدْ بَآءَ بِغَضَبٍ مِّنَ اللّٰهِ وَمَاْوٰىهُ جَهَنَّمُ ۭ وَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ۝

Wamay yuwallihim yauma-idzin duburahuu illaa mutaharrifal liqitaalin au mutahayyizan ilaa fi-atin faqad baa-a bighadhabim minallaahi wama'waahu jahanam, wabi'sal mashiir.

410). Nilar kuwajiban tanpa sabab punika dipun awisi dening hukum Agami, ugi ing organisasi (perdagangan, pamarentahan, utawi ing politik) badhe ngrisak lan damel rugining perjoangan.

411). Munduring bergadaning wadyabala saperlu siasat utawi nglempakaken kekiyatan punika menggahing taktik perang: wajar; menggahing strategi panci kedah makaten, miturut etangan Komandan! Ing zaman Kanjeng Sultan Agung ing Mataram, sampun ngrembaka dhapukan ing ngayuda cara **sapit urang, megar payung, agul-agul Gula Kelapa** (Sang Saka Merah Putih), bergada **Pasopati, Sambernyawa**; punika sadaya bukti **organisasi perjoangan** kedah dinamis lan disiplin, mundur utawi majenging bergada soal wajar wonten ing palagan!

17. Kang mateni wong-wong mau dudu sira kabeh, ananging Allah kang mateni, lan nalika sira nglepasake jemparing iku dudu sira kang nglepasake, ananging Allah kang nglepasake. Allah karsa nyoba marang wong-wong Mukmin kalawan coba kang becik, sanyata Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani!

١٧ - فَلَمْ تَقْتُلُوْهُمْ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ قَتَلَهُمْ ۚ وَمَا رَمَيْتَ اِذْ رَمَيْتَ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ رَمٰى ۚ وَلِيُبْلِيَ الْمُؤْمِنِيْنَ مِنْهُ بَلَآءً حَسَنًا ۚ اِنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

Falam taqtuluuhum walaakinnallaaha qatalahum, wamaa ramaita idz ramaita walaakinnallaaha ramaa, waliyubliyal mu'miniina minhu balaa-an hasanaa, innallaaha samii'un 'aliim.

18. Kang mangkono mau jalaran satemene Allah pribadi kang ngapesake daya pangreka-dayane wong-wong kang padha kafir.

١٨ - ذٰلِكُمْ وَاَنَّ اللّٰهَ مُوْهِنُ كَيْدِ الْكٰفِرِيْنَ ۝

Dzaalikum wa annallaaha muuhinu kaidil kaafiriin.

19. He para wong kafir Mekkah, manawa sira padha ngupaya kamenangan, yekti sira kabeh wus padha katekan oleh kamenangan, dene manawa sira kabeh gelem mareni anggonira merangi Nabi, iku luwih becik tumrap sira kabeh. Ananging manawa sira ambaleni merangi Nabi maneh, Ingsun uga arsa bali paring pitulung marang dheweke. Lan wadyabalanira iku sanadyana sapira bahe akehe, ora bakal bisa nolak bebaya ing sira sathithik-thithika. Sanyata Allah iku anartani wong kang padha iman.

١٩ - اِنْ تَسْتَفْتِحُوْا فَقَدْ جَآءَكُمُ الْفَتْحُ ۚ وَاِنْ تَنْتَهُوْا فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ وَاِنْ تَعُوْدُوْا نَعُدْ ۚ وَلَنْ تُغْنِيَ عَنْكُمْ فِئَتُكُمْ شَيْـًٔا وَّلَوْ كَثُرَتْ ۙ وَاَنَّ اللّٰهَ مَعَ الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

In tastaftihuu faqad jaa-akumul fath, wa-in tantahuu fahuwa khairul lakum, wa-in ta'uuduu na'ud, walan tughniya 'ankum fi-atukum syai-aw walau katsu-rat, wa-annallaaha ma'al mu'miniin.

Larangan anggesehi pepacuhing Allah.

20. He para wong Mukmin! Sira padha andhereka (ta'ata) marang Allah lan Utus-aNe, lan poma dipoma sira kabeh aja nganti mengeng marang dhawuhing Allah, kang mangka sira kabeh padha krungu dhewe (dhawuh-dhawuhe)!

٢٠ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَطِيْعُوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ وَلَا تَوَلَّوْا عَنْهُ وَاَنْتُمْ تَسْمَعُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu athii-'ullaaha warasuulahuu walaa tawallau 'anhu wa antum tasma'uun.

21. Lan sira aja dadi kaya dene wong kang padha angucap: "Kita sampun sami mireng!", ananging sajatine wong-wong mau jebul ora padha krungu.412)

٢١ - وَلَا تَكُوْنُوْا كَالَّذِيْنَ قَالُوْا سَمِعْنَا وَهُمْ لَا يَسْمَعُوْنَ ۝

Walaa takuunuu kalladziina qaaluu sami'-naa wahum laa yasma'uun.

412). Lahiripun kemawon mirengaken, nanging manahipun nyingkur.

22. Satemene ala-alaning gegremet (makhluk) ana ngarsaning Allah iku kang budheg, bisu, sarta ora padha duwe 'akal.[413]

٢٢- إِنَّ شَرَّ الدَّوَآبِّ عِندَ اللهِ الصُّمُّ الْبُكْمُ الَّذِينَ لَا يَعْقِلُونَ ۝

Inna syarrad dawaabi 'indallaahish shummal bukmul ladziina laa ya'qiluun.

23. Lan saupama Allah ngawuningani kabecikan ana ing wong-wong mau, yekti Allah andamel ing wong-wong mau bisa krungu, lan upama Allah andamel wong-wong mau bisa krungu, sanyata wong-wong mau mesthi malengos uga, tur wong-wong mau ora padha merduli.

٢٣- وَلَوْ عَلِمَ اللهُ فِيهِمْ خَيْرًا لَّأَسْمَعَهُمْ وَلَوْ أَسْمَعَهُمْ لَتَوَلَّوا وَّهُم مُّعْرِضُونَ ۝

Walau 'alimallaahu fiihim khairal la-asma'ahum, walau asma'ahum latawallau wahum mu'ridhuun.

Disiplin nindakake dhawuhing Allah lan Rasul, luwih-luwih nuju campuhing yuda!

24. He para wong Mukmin! Manawa sira padha didhawuhi supaya nindakake Agama kang nguripi[414] sira kabeh nuli padha nyandikanana marang Allah lan UtusaNe. Lan padha mangertia sanyata Allah iku ngelet-eleti[415] ana ing antarane manungsa lan atine, lan marang PanjenengaNe sira kabeh bakal padha dilumpukake!

٢٤- يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اسْتَجِيبُوا لِلَّهِ وَلِلرَّسُولِ إِذَا دَعَاكُمْ لِمَا يُحْيِيكُمْ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللهَ يَحُولُ بَيْنَ الْمَرْءِ وَقَلْبِهِ وَأَنَّهُ إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanus tajiibuu lillaahi wa lirrasuuli idzaa da'aakum limaa yuhyiikum, wa'lamuu annallaaha yahuulu bainal mar-i wa qalbihii wa annahuu ilaihi tuhsyaruun.

25. Lan sira padha njagaha fitnah cobaning Allah kang ora mung bakal ngenani wong kang padha nganiaya wae, lan sira padha mangertia yen satemene siksaning Allah iku pancen abot temenan.

٢٥- وَاتَّقُوا فِتْنَةً لَّا تُصِيبَنَّ الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنكُمْ خَاصَّةً وَاعْلَمُوا أَنَّ اللهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ ۝

Wattaquu fitnatal laa tushiibannal ladziina zhalamuu minkum khaashshah, wa'lamuu annallaaha syadiidul 'iqaab.

---

413). Punika saweneh pola-manungsa ingkang awon (nistha) boten purun mirengaken, boten purun ngandharaken bab Agami, lan boten purun nyinau (mangertosi) Agami, wontenipun namung andluya, anut grubyug ora ngerti rembug; ngaler-ngidul, ngetan, lan ngilen boten wonten bobot-ing rahos taqwa ing Allah s.w.t.

414). Inggih punika dhawuh perang utawi jihad, ingkang asifat defensif aktif salugu mbelani haq gesangipun Da'wah Islam sarta gesang mardika ing Negari tanah wutah rahipun piyambak.

415). Tegesipun manahing manungsa punika wonten astaning Allah, pramila supados para manungsa ingkang sering nenuwun: "**Yaa muqallibal qulluub, stabbit qalbii a'laa djinik**", maknanipun: "Dhuh Allah, ingkang mbalak mbalikaken manah-manahing manungsa, mugi Paduka neguhaken teteping manah kula angrungkebi Agami Paduka".

٢٦- وَاذْكُرُوٓا إِذْ أَنتُمْ قَلِيلٌ مُّسْتَضْعَفُونَ فِي الْأَرْضِ تَخَافُونَ أَن يَتَخَطَّفَكُمُ النَّاسُ فَآوَىٰكُمْ وَأَيَّدَكُم بِنَصْرِهِ وَرَزَقَكُم مِّنَ الطَّيِّبَاتِ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ٥

Wadzkuruu idz antum qaliilum mustadh'afuuna fil ardhi takhaafuuna ay yatakhaththafakumun naasu fa-aawaakum wa ayyadakum binashrihii wa razaqakum minath thayyibaati la'allakum tasykuruun.

26. He wong Muhajirin, sira padha clinga ing nalika sira isih lagi sithik cacahe, tur apes katindhes ana ing bumi Mekkah, waktu iku tansah padha wedi kuwatir diculik dening wong-wong Mekkah, mula PanjenengaNe Allah banjur maringi panggonan kang tetep ing Madinah, sarta paring kukuh ing sira kabeh kalawan pitulungaNe, lan uga PanjenengaNe paring rezeki kang becik marang sira kabeh, supaya sira kabeh padha syukur!

Khiyanat iku gawe kisruh, dene taqwa iku gawe begja!

٢٧- يَٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَخُونُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ وَتَخُونُوٓا أَمَٰنَٰتِكُمْ وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ٥

Ya ayyuhal ladziina aamanuu laa takhuunullaaha warrasuula wa takhuunuu amaanaatikum wa antum ta'lamuun.

27. He para wong Mukmin! Sira aja padha nyidrani ing Allah lan UtusaNe, lan uga aja padha nyidrani ing amanat-amanat kang dipercayake marang sira, kang mangka sira kabeh ya padha mangerti.

٢٨- وَاعْلَمُوٓا أَنَّمَآ أَمْوَٰلُكُمْ وَأَوْلَٰدُكُمْ فِتْنَةٌ وَأَنَّ اللَّهَ عِندَهُۥٓ أَجْرٌ عَظِيمٌ ٥

Wa'lamuu annamaa amwaalukum wa aulaadukum fitnah, wa annallaaha 'indahuu ajrun 'azhiim.

28. Lan sira padha mangertia satemene kabeh bandha-bandhanira lan anak-anakira iku kabeh dadi cecoba, lan sanyata Allah iku kagungan ganjaran kang agung!

٢٩- يَٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوٓا إِن تَتَّقُوا اللَّهَ يَجْعَل لَّكُمْ فُرْقَانًا وَيُكَفِّرْ عَنكُمْ سَيِّـَٔاتِكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ وَاللَّهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيمِ ٥

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu in tattaqullaaha yaj'al lakum furqaanaw wa yukaffir 'ankum sayyi-aatikum wa yaghfir lakum, wallaahu dzul fadhlil 'azhiim.

29. He para wong Mukmin! Manawa sira padha taqwa ing Allah, yekti PanjenengaNe andamelake ing sira kabeh Furqaan (pamisah antarane barang kang bener lan barang kang salah), lan PanjenengaNe anutupi ing pialanira, apadene paring pangapura ing sira kabeh. Dene Allah iku kang Kagungan Kangerahan Agung!

Kaum Musyrikin mungsuhi Nabi, lan kuwajiban merangi kaum Musyrikin kanggo ngreksa Agamaning Allah!

٣٠- وَإِذْ يَمْكُرُ بِكَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِيُثْبِتُوكَ أَوْ يَقْتُلُوكَ أَوْ يُخْرِجُوكَ وَيَمْكُرُونَ وَيَمْكُرُ اللَّهُ وَاللَّهُ خَيْرُ الْمَٰكِرِينَ ٥

30. Lan sira clinga Muhammad ing nalikane wong kafir Quraisy padha ngreka-daya ing sira perlu nukup sira, utawa arep mrajaya sira, sarta arep nundhung sira saka Negaranira. Wong-wong kafir iku padha angreka-

daya. Allah uga banjur males pangrekadayane wong-wong mau. Dene Allah iku luwih becik-becike Pangeran kang ngrancang angrekadaya!

Wa-idz yamkuru bikalladziina kafaruu liyu'bituuka au yaqtuluuka au yukhrijuuka, wa yamkuruuna wa yamkurullaah, wallaahu khairul maakiriin.

31. Dene manawa dheweke iku padha diwacakake ayat tandha-yektinIngsun padha ngucap: "Kita wus tahu krungu, lan manawa kita padha gelem, bisa bahe kita ngucap kaya Quraan iki! Ora liya Quraan iki, kajaba mung Kitab kang isine mung dedongengane wong zaman kuno wahe!"

٣١- وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا قَالُوا قَدْ سَمِعْنَا لَوْ نَشَاءُ لَقُلْنَا مِثْلَ هَٰذَا ۙ إِنْ هَٰذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ۝

Wa idzaa tutlaa 'alaihim aayaatunaa qaaluu qad sami'naa lau nasyaa-u laqulnaa mitsla haadzaa, in haadzaa illaa asaathiirul awwaliin.

32. Lan nalikane wong-wong mau padha munjuk marang Allah: "Dhuh Allah! Manawi Quraan punika panci leres saking ngarsa Paduka, mugi Paduka anjawahana dhateng kita sarana jawah sela saking Langit, utawi mugi matrapana siksa ing kita ingkang sakalangkung sakit".

٣٢- وَإِذْ قَالُوا اللَّهُمَّ إِنْ كَانَ هَٰذَا هُوَ الْحَقَّ مِنْ عِنْدِكَ فَأَمْطِرْ عَلَيْنَا حِجَارَةً مِنَ السَّمَاءِ أَوِ ائْتِنَا بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ۝

Wa-idz qaalullaahumma in kaana haadzaa huwal haqqa min 'indika fa-amthir 'alainaa hijaaratam minas samaa-i awi'tinaa bi'adzaabin aliim.

33. Nanging Allah ora bakal nyiksa marang wong-wong mau, yen sira pinuju ana ing kono, lan PanjenengaNe uga ora karsa anyiksa marang wong-wong mau, kang pinuju wong-wong mau padha nyuwun ngapura! 416)

٣٣- وَمَا كَانَ اللَّهُ لِيُعَذِّبَهُمْ وَأَنْتَ فِيهِمْ ۚ وَمَا كَانَ اللَّهُ مُعَذِّبَهُمْ وَهُمْ يَسْتَغْفِرُونَ ۝

Wamaa kaanallaahu liyu'adzdzibahum wa anta fiihim, wamaa kaanallaahu mu'adzdzibahum wahum yastaghfiruun.

34. Lan kapriye ta Allah kok ora nganti nyiksa marang wong-wong mau? ing mangka dheweke mau padha nyegah wong-wong kang arep lumebu ing Masjidil Haram, tur dheweke mau dudu wong kang hak anjaga Masjid, dene kang hak anjaga Masjid yaiku wong kang padha taqwa marang Allah, ananging akeh-akehe wong mau ora padha mangerti.

٣٤- وَمَا لَهُمْ أَلَّا يُعَذِّبَهُمُ اللَّهُ وَهُمْ يَصُدُّونَ عَنِ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ وَمَا كَانُوا أَوْلِيَاءَهُ ۚ إِنْ أَوْلِيَاؤُهُ إِلَّا الْمُتَّقُونَ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Wamaa lahum allaa yu'adzdzibuhumullaahu wahum yashudduuna 'anil masjidil haraami wamaa kaanuu auliyaa-ah, in auliyaa-uhuu illal muttaquuna walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

416). **Mufassirin anerangaken "yastagfiruuna" artosipun tobat ing Allah, utawi ing salebeting tetiyang kafir wonten ingkang Islam, lajeng nenuwun ing pangaksamining Allah.**

35. Lan shalate wong-wong mau ana sandhing Baitullah, iku ora ana liya kajaba mung padha singsot lan keplok-keplok. Mula saka iku, sira kabeh padha ngicipana siksa, jalaran saka anggonira padha kafir.

٣٥- وَمَا كَانَ صَلَاتُهُمْ عِنْدَ الْبَيْتِ إِلَّا مُكَاءً وَتَصْدِيَةً ۚ فَذُوقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُونَ ٥

Wamaa kaana shalaatuhum 'indal baiti illaa mukaa-aw wa tashdiyah, fadzuuqul 'adzaaba bimaa kuntum takfuruun.

36 Satemene wong kang kafir iku, anggone padha ambelanjakake bandhane mung kanggo ngalang-alangi wong kang arep lumebu ing Agamaning Allah. Mangka basan dheweke ambelanjakake bandhane banjur padha getun, awit padha urip sengsara amarga ora kaleksanan karepe, nuli dheweke padha dikalahake. Lan wong-wong kafir iku bakal padha dilumpukake ana ing Naraka Jahanam.

٣٦- إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ لِيَصُدُّوا عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ ۚ فَسَيُنْفِقُونَهَا ثُمَّ تَكُونُ عَلَيْهِمْ حَسْرَةً ثُمَّ يُغْلَبُونَ ۗ وَالَّذِينَ كَفَرُوا إِلَىٰ جَهَنَّمَ يُحْشَرُونَ ٥

Innalladziina kafaruu yunfiquuna amwaalahum liyashudduu 'an sabiilillaah, fasayunfiquu nahaa tsumma takuunu 'alaihim hasratan tsumma yughlabuun, walladziina kafaruu ilaa jahannama yuhsyaruun.

37. PanjenengaNe Allah karsa mbedakake barang kang ala karo kang becik, sarta PanjenengaNe arsa ngumpulake barang kang jember (ala) iku padha tumpuk-tumpuk, sungsun ngisor ndhuwur saweneh lan sawenehe lan banjur padha diuncalake ana ing Naraka Jahanam, wong-wong kang mangkono iku padha kapitunan.

٣٧- لِيَمِيزَ اللَّهُ الْخَبِيثَ مِنَ الطَّيِّبِ وَيَجْعَلَ الْخَبِيثَ بَعْضَهُ عَلَىٰ بَعْضٍ فَيَرْكُمَهُ جَمِيعًا فَيَجْعَلَهُ فِي جَهَنَّمَ ۚ أُولَٰئِكَ هُمُ الْخَاسِرُونَ ٥

Liyamiizallaahul khabiitsa minath thayyibi wa yaj'alal khabiitsa ba'dhahuu 'alaa ba'dhin fayarkumahuu jamii'an fayaj'alahuu fii jahannam, ulaa-ika humul khaasiruun.

38. He Muhammad, sira dhawuha marang wong kang padha kafir: "Manawa dheweke padha gelem mareni anggone padha kafir, dosane kang wus kapungkur iku diapura dening Allah. Ananging manawa dheweke padha ambaleni maneh [417] yekti Allah nyiksa marang wong-wong mau kaya panyiksane marang wong-wong biyen kang wus kapungkur".

٣٨- قُلْ لِلَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ يَنْتَهُوا يُغْفَرْ لَهُمْ مَا قَدْ سَلَفَ ۚ وَإِنْ يَعُودُوا فَقَدْ مَضَتْ سُنَّتُ الْأَوَّلِينَ ٥

Qul lilladziina kafaruu iy yantahuu yughfar lahum maa qad salaf, wa-in ya'uuduu faqad madhat sunnatul awwaliin.

417). Inggih punika wangsul kafir lan merangi, sarta nyubversib dhateng Nabi s.a.w.

39. Lan sira padha merangana marang wong-wong mau nganti ora ana fitnah, [418] lan anane Agama iku kabeh mung kagunganing Allah. Manawa dheweke padha gelem leren, sanyata Allah iku Maha Mriksani samubarang kang padha ditindakake.

٣٩. وَقَاتِلُوْهُمْ حَتّٰى لَا تَكُوْنَ فِتْنَةٌ وَّيَكُوْنَ الدِّيْنُ كُلُّهٗ لِلّٰهِ ۚ فَاِنِ انْتَهَوْا فَاِنَّ اللّٰهَ بِمَا يَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

Wa qaatiluuhum hattaa laa takuuna fitnatuw wayakuunad diinu kulluhuu lillaah, fa-inintahau fa-innallaaha bimaa ya'maluuna bashiir.

40. Ananging manawa dheweke padha malengos, mangka padha mangertia sanyata Allah iku Pangayomanira, Allah iku sakbecik-becike kang nulungi, sarta sakbecik-beciking Pangeran kang tetulung.

٤٠. وَاِنْ تَوَلَّوْا فَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ مَوْلٰىكُمْ ۚ نِعْمَ الْمَوْلٰى وَنِعْمَ النَّصِيْرُ ۝

Wa-in tawallau fa'lamuu annallaaha maulaakum, ni'mal maulaa wa ni'man nashiir.

JUZ 10

Cara ambage jarahan perang.

41. Lan sira padha mangertia mungguh sawarnaning barang kang sira jarah [419] ana ing sajeroning peperangan iku kudu kabage saparalima kagungane Allah, kagungane UtusaNe, para sanak-sadulure Rasul, bocah yatim, wong miskin, lan kanggo wong kang pinuju lelungan kentekan sangu, yen sira iku padha iman marang Allah, lan marang Kitab kang wus Ingsun turunake marang kawulanIngsun, ana ing dinaning pamisah, [420] perang Badar.

٤١. وَاعْلَمُوْٓا اَنَّمَا غَنِمْتُمْ مِّنْ شَيْءٍ فَاَنَّ لِلّٰهِ خُمُسَهٗ وَلِلرَّسُوْلِ وَلِذِي الْقُرْبٰى وَالْيَتٰمٰى وَالْمَسٰكِيْنِ وَابْنِ السَّبِيْلِ ۙ اِنْ كُنْتُمْ اٰمَنْتُمْ بِاللّٰهِ وَمَآ اَنْزَلْنَا عَلٰى عَبْدِنَا يَوْمَ الْفُرْقَانِ يَوْمَ الْتَقَى الْجَمْعٰنِ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

---

418). Sabab fitnah punika sakalangkung ageng bebayanipun, saged ngrebahaken sadaya ada-adaning masyarakat (Negari) ingkang **positif-konstruktif** (ingkang sae lan manfa'at). Wonten zaman modern **fitnah** utawi **subversif** punika tansah dipun kawekani dening jawatan sandi, lan dados rembag umyek ing **ilmu senjata sosial.** Manawi Negari kepingin makmur, kedah saged nyingkiraken lan ambengkas sadaya sel-sel fitnah; dados jangka ing **kamakmuran** kedah sesarengan jangkaning **kaamanan.** Mokal sanget gesang makmur nanging kisruh kemawon, kosok wangsulipun aman nanging tetiyang sami nelangsa mlarat lan bodho-bodho!

419). Ingkang dipun maksud "**ghanimah**" utawi jarahan perang, punika bandha ingkang angsalipun saking mengsah (tetiyang kafir ingkang merangi tetiyang Islam) sasampunipun peperangan ing palagan; dene manawi angsalipun boten saking peperangan, punika naminipun **fai-i.**
Pambagean ingkang katata tharik-tharik ing ngriki, saking ghanimah (jarahan perang) kemawon, inggih punika dipun bage 1/5 (sapragangsalipun) bagean kangge 1. Allah lan Rasulullah, 2. Kerabat Rasul (Bani Hasyim lan Bani Muthalib), 3. Lare yatim, 4. Tiyang miskin, 5. Ibussabil (tiyang katelasan sangu), dene ingkang 4/5 (sekawan pragangsalipun) dipun dum radin dhumateng sadaya ingkang ndherek perang (ing pasukan-bergada lan ing pasukan-**kesehatan, perlengkapan, urusan administrasi, non combatant** inggih punika para wanita ingkang tinanggenah rangsum, tendha, lan obat-obatan).

420). "**Furqaan**" artosipun pamisah antawisipun barang batal kaliyan barang leres; asal usulipun saking kadadosan perang Badar. Inggih kamenanganipun divisi Muslimin, ngawonaken divisi kafirin wonten ing palagan Badar, ing dinten Jum'ah, surya kaping 17 Ramadlan, tahun Kalih Hijrah, sabab saking Sih pitulunganipun Allah sarta kompakipun wadyabala Muslimin.

Yaiku ana ing dinane tempuking wadyabala rong golongan, dene Allah iku Maha Kuwasa ing sakabehing barang.

Wa'lamuu annamaa ghanimtum min syai-in fa-anna lillaahi khumusahuu wa lir-rasuuli walidzil qurbaa wal yataamaa wal masaakiini wabnis sabiili inkuntum aamantum billaahi wamaa anzalnaa 'alaa 'abdinaa yaumal furqaani yaumal taqal jam'aan, wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

Pitulunging Allah ing kaum Muslimin ana palagan perang Badar.

42. Nalika sira padha peperangan ana sacedhaking jurang, lan mungsuhira ana ing pereng kang adoh, lan ontane wong Quraisy padha momot dagangan ana ing sangisorira. [421] Saupama sira lan wong-wong mau padha nganakake parjanjiyan perang, yekti sira bakal amblenjani janjinira. Ananging Allah nempukake ing sira kabeh ora kanthi semayan. Allah kagungan karsa anyampurnakake janjiNe, nuli kedadeyan perang, wekasane sawuse ana katerangan kang cetha, mati wong kang pesthine mati, lan urip wong kang pesthine urip, iku ana alasane kang terang. [422] Dene Allah iku Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani.

٤٢ - إِذْ أَنْتُمْ بِالْعُدْوَةِ الدُّنْيَا وَهُمْ بِالْعُدْوَةِ الْقُصْوَى
وَالرَّكْبُ أَسْفَلَ مِنْكُمْ وَلَوْ تَوَاعَدْتُمْ لَاخْتَلَفْتُمْ فِي
الْمِيعَادِ وَلَكِنْ لِيَقْضِيَ اللَّهُ أَمْرًا كَانَ مَفْعُولًا لِيَهْلِكَ
مَنْ هَلَكَ عَنْ بَيِّنَةٍ وَيَحْيَىٰ مَنْ حَيَّ عَنْ بَيِّنَةٍ وَإِنَّ
اللَّهَ لَسَمِيعٌ عَلِيمٌ ۝

Idz antum bil 'udwatid dunyaa wahum bil 'udwatidl qushwaa warrakbu asfala minkum, walau tawaa'ad tum lakhtalaftum fil mii'aad, walaakil liyaqdhiyallaahu amran kaana maf'uulaa, liyahlika man kalaka 'am bayyinatiw wa yahyaa man hayya 'am bayyinah, wa innallaaha lasamii'un 'aliim.

43. Sira elinga nalika Allah paring weruh sira ana ing sajeroning turunira, sira weruh mungsuhira, katone mung sathithik, saupama Ingsun ngatonake akeh, temen sira banjur padha was sumelang, lan padha pasulayan ana ing paperangan iku, ananging PanjenengaNe Allah paring kasantosan marang atinira kabeh, dene Allah iku Maha Ngawuningani barang kang ana ing sajeroning ati.

٤٣ - إِذْ يُرِيكَهُمُ اللَّهُ فِي مَنَامِكَ قَلِيلًا وَلَوْ أَرَاكَهُمْ
كَثِيرًا لَفَشِلْتُمْ وَلَتَنَازَعْتُمْ فِي الْأَمْرِ وَلَكِنَّ اللَّهَ سَلَّمَ
إِنَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ۝

Idz yuriikahumullaahu fii manaamika qaliilaa, walau araakahum katsiiral lafasyiltum wa latanaaza'tum fil amri walaakinnallaaha sallam, innahuu 'aliimum bidzaatish shuduur.

---

421). Lokasi mapanipun divisi Muslimin wonten ing satunggaling pereng pareden celak Madinah, dene mengsah ingkang dipun pandhegani Abu Sofyan, wadyabala ingkang makmur perlengkapanipun mapan wonten ing pasisir, antawisipun 5 mil saking palagan Badar.

422). Sabab kakafiranipun punika piyambakipun kawon, lan sabab kaimananipun punika tiyang Islam dipun paringi pitulung unggul ing yuda! "Wabillaahit taufiq wal Hidaayah", artosipun, Inggih namung saking Pitulung lan Pitedahing Allah sami menang (jaya) ing perjoangan!

٤٤- وَإِذْ يُرِيكُمُوهُمْ إِذِ الْتَقَيْتُمْ فِي أَعْيُنِكُمْ قَلِيلًا وَيُقَلِّلُكُمْ فِي أَعْيُنِهِمْ لِيَقْضِيَ اللَّهُ أَمْرًا كَانَ مَفْعُولًا ۗ وَإِلَى اللَّهِ تُرْجَعُ الْأُمُورُ ۝

Wa-idz yuriikumuu hum idzil taqaitum fii a'yunikum qaliilaw wa yuqallilukum fii a'yunihim liyaqdhiyallaahu amran kaana maf'uulaa, wa ilallaahi turja'ul umuur.

44. Nalika sira wus padha adu arep karo mungsuhira, PanjenengaNe Allah ngatonake mungsuhira mung katon sathithik, lan sira uga mung katon sathithik mungguhing mungsuhira, Allah karsa anyampurnake janjiNe, banjur kadadeyan perang, lan marang ngarsaning Allah pribadi anggone kabalekake kabeh perkara.

Ta'at ing komando, lan larangan umuk ngedak-edakake ana ing peperangan!

٤٥- يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا لَقِيتُمْ فِئَةً فَاثْبُتُوا وَاذْكُرُوا اللَّهَ كَثِيرًا لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa laqiitum fi-atan fatsbutuu wadzkurullaaha katsiiral la'allakum tuflihuun.

45. He para wong Mukmin! Nalikane sira wus padha adu arep karo golongan mungsuhira, supaya sira padha tetepa, lan padha ngakehna anggonira eling marang Allah,[423] supaya sira kabeh padha begja!

٤٦- وَأَطِيعُوا اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَلَا تَنَازَعُوا فَتَفْشَلُوا وَتَذْهَبَ رِيحُكُمْ وَاصْبِرُوا ۚ إِنَّ اللَّهَ مَعَ الصَّابِرِينَ ۝

Wa athii'ullaaha wa rasuulahuu walaa tanaaza'uu fatafsyaluu wa tadzhaba riihukum washbiruu, innallaaha ma'ash shaabiriin.

46. Lan prayoga sira padha andhereka marang Allah, lan UtusaNe, lan aja nganti padha derdah-pasulayan, sabab mengko mundhak sira dadi ringkih, lan ilang perbawanira, sarta sira padha disabar, sanyata Allah iku anartani wong-wong kang padha sabar.[424]

٤٧- وَلَا تَكُونُوا كَالَّذِينَ خَرَجُوا مِن دِيَارِهِمْ بَطَرًا وَرِئَاءَ النَّاسِ وَيَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ اللَّهِ ۚ وَاللَّهُ بِمَا يَعْمَلُونَ مُحِيطٌ ۝

Walaa takuunuu kalladziina kharajuu min diyaarihim batharaw wa ri-aa-annaasi wa yashudduuna 'an sabiilillaah, wallaahu bimaa ya'maluuna muhiith.

47. Lan aja kaya kaanane wong-wong kafir kang padha metu saka omahe kanthi angedak-edakake,[425] sarta mamerake gegagahane marang para manungsa, lan padha ngalang-alangi wong kang ngambah dedalan-Agamaning Allah. Dene Allah iku Nglimputi samubarang kang padha dilakoni dening wong-wong mau.

---

423). Tegesipun supados kathah anggenipun dzikir (enget) lan do'a; upaminipun "Allaahumma munzilal Kitaabi wa mujriyas sahaabi wa haazimal ahzaabi ahzimhum wan shurnaa 'alaihim" ingkang maknanipun, "Dhuh Allah ingkang nurunaken Quraan, nglampahaken mega, lan ingkang ngawonaken mengsah, mugi Paduka ngawonaken mengsah wau, lan mugi Paduka paring kamenangan dhumateng kita!" (Riwayat Bukhori-Muslim).

424). Sabar ing ngriki maksudipun tetep nyrempeng sarta ambudi-daya sagedipun hasil ing damel, sanaosa dipun alang-alangi boten keguh.

425). Tegesipun umuk lan boten purun nampi barang leres.

Dudu Syetan yen ora cidra ing janji.

48. Lan ngelingana nalika syetan maesi ngamale wong-wong iku, andadekake katone becik tumindake (maksiyate) wong-wong mau, pangucape: "Ing dina iki ora ana kang bakal bisa ngalahake ing sira kabeh, lan aku dhewe bakal ambiyantu nulung ing sira kabeh", ananging bareng golongan loro [426] mau padha ketemu adu arep, dheweke banjur nyelaki-ambalik tinggal gelanggang acolong playu, pangucape ambuwang tilas: "Satemene aku (syetan) lebaran saka sira kabeh, [427] ora melu-melu, jalaran aku wus weruh pirang-pirang Malaikat, kang sira ora padha weruh, aku iki wedi ing Allah", lan Allah iku abot banget siksane.

٤٨- وَإِذْ زَيَّنَ لَهُمُ الشَّيْطَانُ أَعْمَالَهُمْ وَقَالَ لَا غَالِبَ لَكُمُ الْيَوْمَ مِنَ النَّاسِ وَإِنِّي جَارٌ لَّكُمْ فَلَمَّا تَرَاءَتِ الْفِئَتَانِ نَكَصَ عَلَىٰ عَقِبَيْهِ وَقَالَ إِنِّي بَرِيءٌ مِّنكُمْ إِنِّي أَرَىٰ مَا لَا تَرَوْنَ إِنِّي أَخَافُ اللَّهَ ۚ وَاللَّهُ شَدِيدُ الْعِقَابِ ۝

Wa-idz zayyana lahumusy syaithaanu a'maalahum wa qaala laa ghaaliba lakumul yauma minan naasi wa innii jaarul lakum, falammaa taraa-atil fi-ataani nakasha 'alaa 'akibaihi wa qaala innii barii-um minkum innii araa maa laa tarauna innii akhaafullaah, wallaahu syadiidul 'iqaab.

49. Yaiku nalika wong-wong munafik, lan wong-wong kang ing atine ana lelarane, [428] padha ngucap: "Wong-wong mau wus kabujuk dening Agamane", dene sing sapa wonge tawakkal pasrah marang Allah, satemene Allah iku Maha Mulya sarta Maha Wicaksana.

٤٩- إِذْ يَقُولُ الْمُنَافِقُونَ وَالَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ غَرَّ هَٰؤُلَاءِ دِينُهُمْ ۗ وَمَن يَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ فَإِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ۝

Idz yaquulul munaafiquuna walladziina fii quluubihim maradhun gharra haa-ulaa-i diinuhum, wamay yatawakkal 'alallaahi fa-innallaaha 'aziizun hakiim.

50. Lan saupama sira iku weruh dhewe nalika Malaikat-pati anjabut nyawane wong-wong kang padha kafir, [429] Malaikat iku padha anggebugi saka ngarepe, lan saka burine, pangucape: "Sira padha ngrasakna siksa kang ngobong anggosongake".

٥٠- وَلَوْ تَرَىٰ إِذْ يَتَوَفَّى الَّذِينَ كَفَرُوا الْمَلَائِكَةُ يَضْرِبُونَ وُجُوهَهُمْ وَأَدْبَارَهُمْ وَذُوقُوا عَذَابَ الْحَرِيقِ ۝

Walau taraa idz yatawaffal ladziina kafarul malaa-ikatu yadhribuuna wujuuhahum wa adbaarahum, wa dzuuquu 'adzaabal hariiq.

---

426). Inggih punika golongan Islam lan kafir.

427). Wicantenanipun syetan punika kados dene tamsil-ibarat, saupamia syetan punika manungsa tamtu badhe wicanten kados kasebat ing Quraan.

428). Inggih punika tiyang drengki lan gething manawi sumerep kemajenganing Islam.

429). Tetiyang kafir sering ngelokaken tiyang-tiyang Islam punika fanatik, jalaran piyambakipun sumerep umat Islam disiplin lan kendel-kendel ngadhepi mengsah ingkang langkung ageng saged menang! Piyambakipun boten mangertos manawi kamenanganipun umat Islam punika sebab umat ingkang sabar, telatos lan tawakkal saestu dhumateng Allah Subhana wata'ala! Allah amitulungi.

51. Kang mangkono iku jalaran saka tindak kang wus padha sira lakoni, sanyata Allah iku dudu kang anganiaya marang para kawula!

٥١- ذٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ اَيْدِيْكُمْ وَاَنَّ اللّٰهَ لَيْسَ بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيْدِ ۝

Dzaalika bimaa qaddamat aidiikum wa annallaaha laisa bizhallaamil lil'abiid.

Kaanan sawijining Ummat iku gumantung tumindake dhewe!

52. Kaya adat sabene kawula wargane Fir'aun,[430] lan wong-wong kang sadurunge, dheweke padha kafir ing ayat-ayating Allah, mula Allah banjur matrapi paukuman siksa marang wong-wong mau, jalaran saka laku dosane dhewe. Sanyata Allah iku kang Maha Kuwat tur abot banget PanyiksaNe.

٥٢- كَدَاْبِ اٰلِ فِرْعَوْنَ ۙ وَالَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ ؕ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ فَاَخَذَهُمُ اللّٰهُ بِذُنُوْبِهِمْ ؕ اِنَّ اللّٰهَ قَوِيٌّ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ۝

Kada'bi aali fir'auna walladziina min qablihim, kafaruu bi-aayaatillaahi fa-akhadzahumullaahu bidzunuubihim, innallaaha qawiyyun syadiidul 'iqaab.

53. Kang mangkono mau (siksaning Allah marang golongan) jalaran satemene Allah iku ora karsa angowahi kani'matan kang wus kaparingake marang sawijining golongan, kajaba dheweke padha ngowahi kaanane awake dhewe, dene Allah iku Maha Midhanget tur Maha Ngawuningani.

٥٣- ذٰلِكَ بِاَنَّ اللّٰهَ لَمْ يَكُ مُغَيِّرًا نِّعْمَةً اَنْعَمَهَا عَلٰى قَوْمٍ حَتّٰى يُغَيِّرُوْا مَا بِاَنْفُسِهِمْ ۙ وَاَنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

Dzaalika bi-annallaaha lam yaku mughayyiran ni'matan an'amahaa 'alaa qaumin hattaa yughayyiruu maa bi-anfusihim, wa annallaaha samii'un 'aliim.

54. Kaanane wong-wong mau saemper kaya padatane Fir'aun sakawulawargane, lan wong-wong sadurunge; yaiku padha anggorohake ayat-ayating Pangeran sesembahane, mulane Ingsun banjur ngrusak marang wong-wong mau, sabab saka laku dosane, lan Ingsun wus ngelem kawulawargane Fir'aun, lan kabeh iku awit padha tumindak nganiaya.

٥٤- كَدَاْبِ اٰلِ فِرْعَوْنَ ۙ وَالَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ ؕ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِ رَبِّهِمْ فَاَهْلَكْنٰهُمْ بِذُنُوْبِهِمْ وَاَغْرَقْنَآ اٰلَ فِرْعَوْنَ ۚ وَكُلٌّ كَانُوْا ظٰلِمِيْنَ ۝

Kada'bi aali fir'auna walladziina min qablihim, kadzdzabuu bi-aayaati rabbihim fa-ahlaknaahum bidzunuubihim wa aghraqnaa aala fir'auna wa kullun kaanuu zhaalimuun.

55. Sanyata saala-alane (makhluk) kewan gegremet mungguhing Allah, yaiku wong-wong kang padha kafir, jalaran dheweke ora padha gelem iman!

٥٥- اِنَّ شَرَّ الدَّوَآبِّ عِنْدَ اللّٰهِ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فَهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

---

430). Tandang damelipun kaum kafir lan kaum munafik ing zaman Nabi Muhammad s.a.w. sami kemawon kaliyan kaum Fir'aun ing Mesir.

Inna syarrad dawaabbi 'indallaahil ladzii-na kafaruu fahum laa yu'minuun.

56. Yaiku wong-wong kang padha janjiyan ing sira, nanging banjur padha ngrusak nyu-layani perjanjiyane ana ing bab apa wae kang marambah-rambah, lan dheweke ora padha taqwa.

٥٦ - اَلَّذِيْنَ عٰهَدْتَّ مِنْهُمْ ثُمَّ يَنْقُضُوْنَ عَهْدَهُمْ فِيْ كُلِّ مَرَّةٍ وَّهُمْ لَا يَتَّقُوْنَ ۝

Alladziina 'aahadta minhum tsumma yanqudhuuna 'ahdahum fii kulli marra-tiw wahum laa yattaquun.

57. Mangka manawa sira kapapag karo wong-wong mau, ana ing madyaning palagan paperangan, sira banjur mecaha golongane wong-wong mau, minangka dadi tuladan tumrap golongan kang ana ing saburine, supaya wong-wong mau padha eling.

٥٧ - فَاِمَّا تَثْقَفَنَّهُمْ فِي الْحَرْبِ فَشَرِّدْ بِهِمْ مَّنْ خَلْفَهُمْ لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُوْنَ ۝

Fa-immaa tatsqafannahum fil harbi fa-syarrid bihim man khalfahum la'alla-hum yadzdzakkaruun.

58. Dene manawa sira padha kuwatir ma-nawa wong-wong kafir mau padha nyidrani ing janjine, sira banjur ambuwanga perjanji-yane, sira padha tumindaka jejeg (jujur) ma-rang wong-wong mau.[431] Jalaran satemene Allah iku ora remen marang wong-wong kang padha cidra!

٥٨ - وَاِمَّا تَخَافَنَّ مِنْ قَوْمٍ خِيَانَةً فَانْۢبِذْ اِلَيْهِمْ عَلٰى سَوَآءٍ ۭ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُحِبُّ الْخَاۗىِٕنِيْنَ ۝

Wa-immaa takhaafanna min qaumin khi-yaanatan fambidz ilaihim 'alaa sawaa', innallaaha laa yuhibbul khaa-iniin.

Musyrik iku dosa gedhe, lan caraning siaga ing yuda.

59. Lan wong-wong kafir iku aja padha duwe panyana manawa dheweke arep bisa ucul saka Panguwasaning Allah. Satemene dheweke iku ora padha bisa ngapesake ma-rang Allah.

٥٩ - وَلَا يَحْسَبَنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا سَبَقُوْا ۭ اِنَّهُمْ لَا يُعْجِزُوْنَ ۝

Walaa yahsabannal ladziina kafaruu sa-baquu, innahum laa yu'jizuun.

60. He para wong Mukmin kabeh! Sira pa-dha cawisa tenaga sabisa-bisamu kanggo nanggulangi wong-wong mau,[432] saka sa-warnaning kekuwatan piranti paperangan lan padha sedhiyaa jaran, saperlu kanggo me-medeni mungsuhing Allah, lan mungsuhira,

٦٠ - وَاَعِدُّوْا لَهُمْ مَّا اسْتَطَعْتُمْ مِّنْ قُوَّةٍ وَّمِنْ رِّبَاطِ الْخَيْلِ تُرْهِبُوْنَ بِهٖ عَدُوَّ اللّٰهِ وَعَدُوَّكُمْ وَاٰخَرِيْنَ مِنْ دُوْنِهِمْ ۚ لَا تَعْلَمُوْنَهُمْ ۚ اَللّٰهُ يَعْلَمُهُمْ ۭ وَمَا

---

431). Tegesipun manawi piyambakipun punika ingkar ing janji, kita ugi kedah nyriosaken sarana adil lan gamblang bilih perjanjian sampun batal!

432). Sumadiya siaga ing yuda, tegesipun defensif-aktif tumrap sadaya warga Negara ingkang ka-pimpin dening Ulil-Amri (Pemerintah).

sarta mungsuh-mungsuh liyane kang sira ora padha mangerti, ananging Allah piyambak Ngawuningani wong-wong mau. Dene samubarang kang padha sira labuhake ana ing Sabilillah (dedalaning Allah), PanjenengaNe paring tetep wewalese marang sira kabeh kanthi cukup, lan sira ora padha dikaniaya.

تُنْفِقُوْا مِنْ شَيْءٍ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ يُوَفَّ اِلَيْكُمْ وَاَنْتُمْ لَا تُظْلَمُوْنَ ۝

Wa a'idduu lahum mas tatha'tum min quwwatiw wa mir ribaathil khaili turhibuuna bihii 'aduwwallaahi wa 'aduwwakum wa aakhariina min duunihim, laa ta'lamuunahum, allaahu ya'lamuhum, wa maa tunfiquu min syai-in fii sabiilillaahi yuwaffa ilaikum wa antum laa tuzhlamuun.

Dhemen bedhamen, ananging uga tetep waspada lan siaga!

61. Lan manawa atine wong-wong kafir mau padha condhong marang bedhamen, supaya atinira uga condhong marang bedhamen iku, lan supaya sira padha tawakkal marang Allah, sanyata PanjenengaNe Allah iku Pangeran sesembahan kang Maha Midhanget sarta Maha Ngawuningani.

٦١- وَاِنْ جَنَحُوْا لِلسَّلْمِ فَاجْنَحْ لَهَا وَتَوَكَّلْ عَلَى اللّٰهِ اِنَّهٗ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ۝

Wa-in janahuu lissalmi fajnah lahaa wa tawakkal 'alallaah, innahuu huwas samii-'ul 'aliim.

62. Lan manawa dheweke mau duwe maksud arep ngapusi ing sira Muhammad, satemene Allah kang anyukupi ngayomi ing sira. PanjenengaNe arsa angukuhake ing sira kalawan pitulungaNe, lan uga kalawan pitulungane wong-wong Mukmin.

٦٢- وَاِنْ يُّرِيْدُوْٓا اَنْ يَّخْدَعُوْكَ فَاِنَّ حَسْبَكَ اللّٰهُ هُوَ الَّذِيْٓ اَيَّدَكَ بِنَصْرِهٖ وَبِالْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Wa-iy yuriiduu ay yakhda'uuka fa-inna hasbukallaah, huwal ladziina ayyadaka binashrihii wa bilmu'miniin.

Prof.Dr. Makhmud Syaltut (almarhum) ingkang nate nampi gelar Doktor Honoris Causa saking IAIN Sunan Kalijaga Yogyakarta, nafsiraken ayat punika makaten: "Al Quraan nerangaken bilih Islam punika Agama argumentatif (sadaya katamtuan dipun dhedhasari dalil ingkang maton), Agama ingkang ngutamekaken kaamanan sarta dhedhamen ing kawasan sasami-sami gesang, Agama ingkang ajak-ajak ambangun umat ing babagan kamakmuran lan kasantosaning pasedherekan, langkung-langkung anggenipun sami-sami sesarengan amar makrup nahi mungkar, sarta sami-sami nindakaken da'wah! Sebab agama Islam mentingaken "sunnah ijtima'iyah" utawi naluri sosial manungsa, dene wontenipun dipun izini perang dening Allah, jalaran boten saged malih tumindak "burhan wal hujjah" utawi tumindak politis rasionil sampun buntu marginipun! Dados agama Islam netepaken peperangan punika salugu damel margi ingkang tujuanipun ambela kaadilan sarta kaleresan, lan sampun ngantos wonten malih segolongan tetiyang ingkang tumindak culika ing Masyarakat lan ngrisak tata tentreming Negari ingkang paring pangayoman Rakyat mayuta-yuta! Al Qur'aan ugi anjlentrehaken, siaga ing yuda punika kedah sarana kekiyatan ekonomi, kekiyatan tiyang-tiyang ingkang mentalipun taqwa, sarta trampil olah gegaman, sarta landhep intelijenipun. Makaten ugi Al Qur'aan anedahaken tata lahiripun pacak ing yuda, kadosta komando kedah cetha, papanipun satunggal-satunggaling perajurit gamblang posisinipun, supados komandonipun saged saiyeg saeka praya. Ugi perajurit kedah awatak bangun katresnan ing amsyarakat, sasolah bawanipun saged merak ing ati, makaten ugi supados perajurit lan warga masyarakat golong gilig dados satunggal! (makaten kasebat ing kitab anggitanipun "Mintaujiihatil Islam" - 1966).

63. PanjenengaNe Allah dhewe kang bisa angumpulake atine wong-wong mau; awit sanajana sira amblanjakake kabeh bandha kang ana ing Bumi kanggo ngumpulake ati-atine wong-wong mau, 433) yekti dheweke ora bisa kumpul-rukun, ananging Allah kang kuwasa ngumpulake ati-atine wong-wong mau. Sanyata Allah iku Pangeran sesembahan kang Maha Mulya, sarta Maha Wicaksana!

٦٣. وَأَلَّفَ بَيْنَ قُلُوبِهِمْ لَوْ أَنفَقْتَ مَا فِي الْأَرْضِ جَمِيعًا مَّا أَلَّفْتَ بَيْنَ قُلُوبِهِمْ وَلَٰكِنَّ اللَّهَ أَلَّفَ بَيْنَهُمْ إِنَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ٥

Wa allafa baina quluubihim, lau anfaqta maa fil ardhi jamii'am maa allafta baina quluubihim walaakinnallaaha allafa bainahum, innahuu 'aziizun hakiim.

64. He Nabi Muhammad! Allah wus nyukupi ing sira, lan para pandherekira saka wong-wong Mukmin kabeh!

ع ١ ٦٤. يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ حَسْبُكَ اللَّهُ وَمَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ٦

Yaa ayyuhan nabiyyu hasbukallaahu wa manittaba'aka minal mu'miniin.

65. He Nabi Muhammad! Sira anggreteh-ana para wong Mukmin dhemen andon yuda ana ing palagan, wadyabalanira rong puluh sing padha sabar, iku bisa ngalahake mungsuh wong rongatus. Lan yen wadyabalanira cacahe satus, bisa ngalahake mungsuh sewu saka wong-wong kang padha kafir, jalaran satemene dheweke iku golongan wong kang ora padha mangerti.

٦٥. يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ حَرِّضِ الْمُؤْمِنِينَ عَلَى الْقِتَالِ إِن يَكُن مِّنكُمْ عِشْرُونَ صَابِرُونَ يَغْلِبُوا مِائَتَيْنِ وَإِن يَكُن مِّنكُم مِّائَةٌ يَغْلِبُوا أَلْفًا مِّنَ الَّذِينَ كَفَرُوا بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَفْقَهُونَ ٥

Yaa ayyuhan nabiyyu harridhil mu'miniina 'alal qitaal, iy yakum minkum 'isyruuna shaabiruuna yaghlibuu mi-atain, wa-iy yakum minkum mi-atuy yaghlibuu alfam minal ladziina kafaruu bi-annahum qaumul laa yafqahuun.

66. Saiki Allah wis angenthengake ing sira kabeh, PanjenengaNe ngawuningani manawa golonganira pinuju apes. Lan samengko wadyabalanira satus kang kukuh kasabarane, bisa ngalahake mungsuh wong rongatus, lan yen wadyabalanira cacahe sewu, bisa angalahake rongewu kalawan idzining Allah. Dene Allah iku tansah anartani marang wong-wong kang padha sabar!

٦٦. الْآنَ خَفَّفَ اللَّهُ عَنكُمْ وَعَلِمَ أَنَّ فِيكُمْ ضَعْفًا فَإِن يَكُن مِّنكُم مِّائَةٌ صَابِرَةٌ يَغْلِبُوا مِائَتَيْنِ وَإِن يَكُن مِّنكُمْ أَلْفٌ يَغْلِبُوا أَلْفَيْنِ بِإِذْنِ اللَّهِ وَاللَّهُ مَعَ الصَّابِرِينَ ٥

Al-aana khaffafallaahu 'ankum wa 'alima anna fiikum dha'faa, fa-iy yakum minkum mi-atun shaabiratuy yaghlibuu mi-atain, wa-iy yakum minkum alfuy yaghlibuu alfaini bi-idznillaah, wallaahu ma-'ash shaabiriin.

---

433). Panci kasinggihan, ingkang saged ngempalaken manahipun tiyang kathah punika namung tumindak ingkang sarwa taqwa, inggih punika adil, arjis lan arif, tamtu solahbawa sae makaten punika badhe nuwuhaken simpatik saking masyarakat. Inggih makaten punika sarananipun angsal pitedah sarta pitulunging Allah s.w.t., kados ingkang sampun masyhur ing Sejarah, bilih golongan Muhajirin lan Anshor saged manunggil golong-gilig saeka kapti, tansah rukun sarta datan kendhat-kendhat anggenipun lung tinulung.

67. Ora prayoga mungguhing Nabi, manawa panjenengane ngersakake tawanan (barang jarahan perang) nganti panjenengane Nabi kalantur anggone nglumpuhake wong-wong kafir ing lumahing Bumi. Sira kabeh padha ngarepake bandha Donya, ananging PanjenengaNe Allah angersakake ing sira ganjaran Akherat. Dene Allah iku kang Maha Mulya sarta Maha Wicaksana.

٦٧- مَا كَانَ لِنَبِيٍّ اَنْ يَّكُوْنَ لَهٗٓ اَسْرٰى حَتّٰى يُثْخِنَ فِى
الْاَرْضِ ۗ تُرِيْدُوْنَ عَرَضَ الدُّنْيَا ۖ وَاللّٰهُ يُرِيْدُ الْاٰخِرَةَ ۗ
وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ۝

Maa kaana linabiyyin ay yakuuna lahuu asraa hattaa yutsjina fil ardh, turiiduuna 'aradhad dunyaa, wallaahu yuriidul aakhirah, wallaahu 'aziizun hakiim.

68. Saupama luwih dhisik ora ana hukum jarahan-perang saka ngarsaning Allah kang ngalalake barang jarahan perang, sayekti sira kabeh bakal padha kapatrapan siksa kang gedhe, jalaran anggonira padha ngalap barang jarahan mau!

٦٨- لَوْلَا كِتٰبٌ مِّنَ اللّٰهِ سَبَقَ لَمَسَّكُمْ فِيْمَآ اَخَذْتُمْ
عَذَابٌ عَظِيْمٌ ۝

Laulaa kitaabum minallaahi sabaqa lamassakum fiimaa akhadztum 'adzaabun 'azhiim..

69. Mula sira padha mangana saka barang kang wus sira jarah kalawan halal tur becik-becik, sarta padha wedia ing Allah, jalaran Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٦٩- فَكُلُوْا مِمَّا غَنِمْتُمْ حَلٰلًا طَيِّبًا ۖ وَّاتَّقُوا اللّٰهَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ
غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Fakuluu mimmaa ghanimtum halaalan thayyibaa, wattaqullaah, innallaaha ghafuurur rahiim.

70. He Nabi Muhammad! Sira dhawuha marang wong-wong tawanan-perang kang ana ing tanganira kandhanana: "Manawa PanjenengaNe Allah ngawuningani kabecikan kang ana ing ati-atinira, Allah karsa paring kabecikan marang sira kabeh ngungkuli tinimbang barang kang wus dijupuk saka sira,[434] lan PanjenengaNe karsa ngapura ing sira kabeh. Dene Allah iku kang Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٧٠- يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ قُلْ لِّمَنْ فِيْٓ اَيْدِيْكُمْ مِّنَ الْاَسْرٰٓى ۙ
اِنْ يَّعْلَمِ اللّٰهُ فِيْ قُلُوْبِكُمْ خَيْرًا يُّؤْتِكُمْ خَيْرًا مِّمَّآ اُخِذَ
مِنْكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ۗ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhan nabiyyu qul liman fii aidiikum minal asraa iy ya'lamillaahu fii quluubikum khairay yu'tiikum khairam mimmaa ukhidza minkum wa yaghfirlakum, wallaahu ghafuurur rahiim.

71. Lan manawa dheweke padha sumedya arep cidra ing janji marang sira Muhammad, pancen dhasar nyata maune dheweke iku wus tau nyidrani ing Allah nalika perang Badar, PanjenengaNe Allah nguwasakake ing

٧١- وَاِنْ يُّرِيْدُوْا خِيَانَتَكَ فَقَدْ خَانُوا اللّٰهَ مِنْ قَبْلُ
فَاَمْكَنَ مِنْهُمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۝

434). Maksudipun samiya ngrasuk Agama Islam lan nindakaken amal kasaenan ing sadhengah papan sarta wekdal, jalaran Allah swt badhe paring ganjaran tikel matikel kanikmatanipun katimbang karugian ingkang dipun temahi ing peperangan.

sira, kena sira pateni utawa sira tawan, dene Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.

Wa-in yuriiduu khiyaanataka faqad khaanullaaha min qablu fa-amkana minhum, wallaahu 'aliimun hakiim.

٧٢ - إِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَهَاجَرُوْا وَجٰهَدُوْا بِاَمْوَالِهِمْ وَ
اَنْفُسِهِمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَالَّذِيْنَ اٰوَوْا وَّنَصَرُوْٓا
اُولٰٓئِكَ بَعْضُهُمْ اَوْلِيَآءُ بَعْضٍ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَ
لَمْ يُهَاجِرُوْا مَا لَكُمْ مِّنْ وَّلَايَتِهِمْ مِّنْ شَيْءٍ حَتّٰى
يُهَاجِرُوْا وَاِنِ اسْتَنْصَرُوْكُمْ فِي الدِّيْنِ فَعَلَيْكُمُ
النَّصْرُ اِلَّا عَلٰى قَوْمٍ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ مِّيْثَاقٌ وَاللّٰهُ
بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

72. Satemene wong-wong kang padha iman lan hijrah (boyong)[435] sarta kang padha anglabuhake bandha darbeke lan jiwa ragane ana ing dedalaning Allah, lan wong-wong kang padha rumeksa, sarta mitulungi[436] marang Nabi, wong-wong kang kaya mangkono mau padha sih sinihan saweneh marang saweneh liyane, ana dene wong kang padha iman, nanging ora melu hijrah (boyong), pangayomane wong-wong mau kang kawogan ora kalebu bubuhanira sethithikthithika, nganti dheweke padha gelem hijrah. Dene manawa wong-wong mau padha njaluk tulung ing sira, ana ing bab ambelani Agama, iku wajib tumrap sira kabeh padha aweh pitulung marang dheweke, kajaba manawa mungsuh wus parjanjian-dhame[437] karo sira, iku dheweke aja padha sira tulungi! Dene Allah iku kang Maha Ngawuningani ing samubarang kang sira lakoni.

Innalladziina aamanuu wa haajaruu wa jaahaduu bi-amwaalihim wa anfusihim fii sabiilillaahi walladziina aawau wa nasharuu ulaa-ika ba'dhuhum auliyaa-u ba'dhin walladziina aamanuu wa lam yuhaajiruu maa lakum miw walaayatihim min syai-in hattaa yuhaajiruu, wa inistansharuukum fiddiini fa'alaikumun nashru illaa 'alaa qaumim bainakum wa bainahum miitsaaq, wallaahu bimaa ta'maluuna bashiir.

٧٣ - وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا بَعْضُهُمْ اَوْلِيَآءُ بَعْضٍ اِلَّا تَفْعَلُوْهُ
تَكُنْ فِتْنَةٌ فِي الْاَرْضِ وَفَسَادٌ كَبِيْرٌ ۝

73. Lan wong kang padha kafir iku sawenehe dadi kekasihe saweneh liyane. Manawa sira ora padha bisa tumindak kaya dhawuhing Allah, yaiku paseduluran sinara-wedi karo padha wong Mukmin, sayekti bakal kadadeyan pepitnahan ing Jagad iki lan karusakan kang gedhe![438]

Walladziina kafaruu ba'dhuhum auliyaau ba'dhin illaa taf'aluuhu takun fitnatun fil ardhi wa fasaadun kabiir.

435). Inggih punika kaum Muhajirin (kaum Muslimin hijrah boyong saking Mekah).

436). Kaum Anshar ingkang ambiyantu lahir batos saking warga Madinah dhateng Nabi s.a.w. sarta kaum Muhajirin.

437). Kaum Muslimin ingkang boten hijrah (boyongan), wajib dipun biyantu ing urusan Agama, manawi wonten ingkang munasika; kajawi manawi ingkang munasika wau sampun parjanjian dhame kaliyan kita umat Islam.

438). Dados manawi antawisipun umat Islam piyambak boten saged bantu-biantu materiil lan mental, yektos badhe derdah piyambak ing salebeting kasatuan lan persatuanipun umat Islam, ing wasana ical kakiyatanipun potensi lan wibawanipun!

74. Ana dene wong-wong kang padha iman, lan padha hijrah, sarta kang padha lelabuh ana ing dedalaning Allah, lan wong-wong kang padha rumeksa sarta mitulungi Nabi, wong-wong kang kaya mangkono mau, yaiku wong-wong kang padha iman temenan, dheweke bakal padha kaparingan pangapura lan rezeki kang mulya.

٧٤- وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَهَاجَرُوْا وَجٰهَدُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَالَّذِيْنَ اٰوَوْا وَّنَصَرُوْٓا اُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُؤْمِنُوْنَ حَقًّا ۗ لَهُمْ مَّغْفِرَةٌ وَّرِزْقٌ كَرِيْمٌ ۝

Walladziina aamanuu wa haajaruu wa jaahaduu fii sabiilillaahi walladziina aawau wa nasharuu ulaa-ika humul mu'minuuna haqqaa, lahum maghfiratuw wa rizqun kariim.

75. Lan wong-wong kang padha iman sawuse iku, sarta padha gelem nyusul hijrah, lan banjur padha anggrubyug melu perang bebarengan karo sira, dheweke iku uga kalebu golonganira wong kang padha Mukmin. Miturut Kitabing Allah, sanak sadulurira iku saweneh marang saweneh hake sapadha-padha luwih utama tinimbang kang dudu sanak sadulurira. Dene Allah iku kang Maha Ngawuningani ing sakehing barang!
***)

٧٥- وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْۢ بَعْدُ وَهَاجَرُوْا وَجٰهَدُوْا مَعَكُمْ فَاُولٰٓئِكَ مِنْكُمْ ۗ وَاُولُوا الْاَرْحَامِ بَعْضُهُمْ اَوْلٰى بِبَعْضٍ فِيْ كِتٰبِ اللّٰهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ۝

Walladziina aamanuu mim ba'du wa haajaruu wa jaahaduu ma'akum fa-ulaa-ika minkum, wa uulul arhaami ba'dhuhum aulaa biba'dhin fii kitaabillaah, innallaaha bikulli syai-in 'aliim.

***). Minangka panutuping katerangan Surat Al Anfaal, lan kagem sawatawis pasinaon tandhingan (comperative study) ingkang sesambetan kaliyan Surat At Taubah:

1. Perkawis wigatos ing bab parjanjiyan-parjanjiyan ing Surat Al Anfaal badhe kasambet kateranganipun ingkang langkung gamblang ing Surat At Taubah.
2. Wonten ing Surat Al Anfaal anerangaken bilih ingkang hak lan wajib makmuraken Mesjid punika tiyang-tiyang ingkang taqwa, manawi wonten Surat At Taubah anggamblangaken bilih tiyang-tiyang musyrik boten pantes ngurus lan makmuraken Mesjid, kapara saged badhe damel risak saking nglebet!
3. Ing salebeting Surat Al Anfaal dipun terangaken sifat-sifat kasampurnanipun tiyang Mukmin sarta kados pundi pangayoman kaamanan kangge tiyang Islam ingkang boten ndherek hijrah dhateng Madinah, mangke wonten ing Surat At Taubah dipun terangaken malih.

AT TAUBAH (TOBAT MARANG ALLAH)

Surat kaping 9 : 129 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, tumurun sawuse Surat Al Maaidah, kajaba rong ayat kang akhir iku diwahyokake ana ing Mekkah

Diwurungake parjanjiyan dhame karo wong musyrik, mula wong Islam wus luwar saka ing tanggung jawab!

١ - بَرَآءَةٌ مِّنَ اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖٓ اِلَى الَّذِيْنَ عٰهَدْتُّمْ مِّنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۝

1. Iki pepisahan saka karsaning Allah lan UtusaNe marang wong-wong musyrik kang wus padha parjanjiyan karo sira kabeh.

Baraa-atum minallaahi wa rasuulihii ilal-ladziina 'aahad-tum minal musyrikiin.

٢ - فَسِيْحُوْا فِى الْاَرْضِ اَرْبَعَةَ اَشْهُرٍ وَّاعْلَمُوْٓا اَنَّكُمْ غَيْرُ مُعْجِزِى اللّٰهِ ۙ وَاَنَّ اللّٰهَ مُخْزِى الْكٰفِرِيْنَ ۝

2. He wong-wong musyrik! Sira padha lelungana ana ing Bumi, kang suwene patang-sasi, 440) lan sira padha mangertia manawa sira kabeh iku ora bisa temenan ngapesake ing Allah, ananging Allah iku kang kuwasa ngasorake wong kang padha kafir.

Fasiihuu fil ardhi arba'ata asyhuriw wa'-lamuu annakum ghairu mu'jizillaah, wa annallaaha mukhzil kaafiriin.

٣ - وَاَذَانٌ مِّنَ اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖٓ اِلَى النَّاسِ يَوْمَ الْحَجِّ الْاَكْبَرِ اَنَّ اللّٰهَ بَرِىْٓءٌ مِّنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۙ وَرَسُوْلُهٗ ۭ فَاِنْ تُبْتُمْ فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ وَاِنْ تَوَلَّيْتُمْ فَاعْلَمُوْٓا

3. Allah lan UtusaNe paring weruh marang para manungsa ana ing dina Hajji kang gedhe, 441) manawa Allah lan UtusaNe pepisahan saka golongane wong-wong kang musyrik. Manawa sira kabeh padha gelem tobat marang Allah, uki luwih becik tumrap

439). Surat punika ugi dipun namekaken Al Baraa'ah, tegesipun pedhot sesambetaning parjanjian.

440). Maksudipun sasampunipun sekawan wulan, sampun bebas parjanjiyan, boten dados sahabat malih.

441). Inggih punika dinten 'Arafah.

sira kabeh, ananging manawa sira malah padha malengos, lah iya padha mangertia, yen sira kabeh iku ora padha bisa temenan ngapesake ing Allah. He Muhammad, sira ambebungaha marang wong-wong kang kafir kalawan siksa kang banget larane.

أَنَّكُمْ غَيْرُ مُعْجِزِي اللَّهِ ۙ وَبَشِّرِ الَّذِينَ كَفَرُوا
بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ۝

Wa adzaanum minallaahi wa rasuulihii ilan naasi yaumal hajjil akbari annallaaha barii-um minal musyrikiina wa rasuuluh, fa-in tubtum fahuwa khairul lakum, wa-in tawallaitum fa'lamuu annakum ghairu mu'jizillaah, wa basysyirilladziina kafaruu bi'adzaabin aliim.

4. Kajaba wong-wong musyrik kang wus gawe perjanjiyan kalawan sira kabeh, nuli ora padha amblenjani janjine mau sathithikthithika, sarta ora padha nulungi marang wong kang nyatroni ing sira, mangka sira kabeh padha nyampurnakna janjine wong-wong mau tumeka ing waktune. Dene Allah iku remen marang wong-wong kang padha sumungkem ing PanjenengaNe.

٤ - إِلَّا الَّذِينَ عَاهَدْتُمْ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ثُمَّ لَمْ يَنْقُصُوكُمْ
شَيْئًا وَلَمْ يُظَاهِرُوا عَلَيْكُمْ أَحَدًا فَأَتِمُّوا إِلَيْهِمْ
عَهْدَهُمْ إِلَىٰ مُدَّتِهِمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَّقِينَ ۝

Illal ladziina 'aahad-tum minal musyrikiina tsumma lam yanqushuukum syaiaw wa lam yuzhaahiruu 'alaikum ahadan fa-atimmuu ilaihim 'ahdahum ilaa muddatihim, innallaaha yuhibbul muttaqiin.

5. Mangka manawa sasi Haram[442] mau wus kaliwat waktune, sira banjur merangana wong-wong musyrik[443] ana ing ngendi wae anggonira padha katemu marang dheweke, lan dheweke padha cekelen dadi tawanan perang, sarta padha kepungen, apa dene padha jaganen ana ing ngendi-endi panggonan panjagaan. Dene yen dheweke iku padha gelem tobat marang Allah, lan gelem nindakake Shalat, sarta aweh Zakat, becik dheweke iku ujanen bae, jalaran Allah iku Maha Ngapura sarta Maha ASih.

٥ - فَإِذَا انْسَلَخَ الْأَشْهُرُ الْحُرُمُ فَاقْتُلُوا الْمُشْرِكِينَ
حَيْثُ وَجَدْتُمُوهُمْ وَخُذُوهُمْ وَاحْصُرُوهُمْ وَاقْعُدُوا
لَهُمْ كُلَّ مَرْصَدٍ ۚ فَإِنْ تَابُوا وَأَقَامُوا الصَّلَاةَ وَآتَوُا
الزَّكَاةَ فَخَلُّوا سَبِيلَهُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Fa-idzan salakhal asyhurul hurumu faqtulul musyrikiina haitsu wajad-tumuuhum wa khudzuuhum wah-shuruuhum waq'uduu lahum kulla mardhad, fa-in taabuu wa aqaamush shalaata wa aataww uz zakaata fakhalluu sabiilahum, innallaaha ghafuurur rahiim.

6. Lan manawa ana sawijining wong musyrik nyuwun ing sira, supaya sira slametake, banjur dheweke iku sira slametake,[444] nganti dheweke iku bisa ngrungokake dhawuhing Allah nuli gelem memikir, prayoga dheweke terna tekan ing panggonan katen-

٦ - وَإِنْ أَحَدٌ مِنَ الْمُشْرِكِينَ اسْتَجَارَكَ فَأَجِرْهُ حَتَّىٰ يَسْمَعَ
كَلَامَ اللَّهِ ثُمَّ أَبْلِغْهُ مَأْمَنَهُ ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَا
يَعْلَمُونَ ۝

442). Wulan Haram punika wulan ingkang dipun mulyakaken, inggih punika wulan Rajab, Dzul Qa'idah, Dzul Hijjah lan Muharram.

443). Jalaran tetiyang musyrik sami merangi kaum Muslimin ing zaman samanten.

444). Sebab piyambakipun punika tiyang ingkang boten mangertos, pramila pantes dipun paringi pangapunten lan dipun mangertosaken.

tremane, kang mangkono iku jalaran dheweke kalebu golongane kaum kang ora padha mangerti.

Wa-in ahadum minal musyrikiinas tajaaraka fa-ajirhu hattaa yasma'a kalaamallaahi tsumma abligh-hu ma'manah, dzaalika bi-annahum qaumul laa ya'lamuun.

Sebab-sebab perjanjiyan dhame dibatalake!

7. Kapriye wong-wong musyrik iku nganti bisa gawe perjanjiyan ana ing ngarsaning Allah sarta UtusaNe,[445] mangka dheweke iku mesthi ngrusak perjanjiyane, kajaba wong wong kang wus padha janjiyan karo sira kabeh ana ing sajeroning Masjidil Haram. Nanging manawa dheweke iku padha netepi perjanjiyane, sira hiya kudu netepi janjinira marang dheweke. Jalaran satemene Allah iku remen marang wong-wong kang padha taqwa ing PanjenengaNe.

٧ - كَيْفَ يَكُوْنُ لِلْمُشْرِكِيْنَ عَهْدٌ عِنْدَ اللّٰهِ وَعِنْدَ رَسُوْلِهٖٓ
اِلَّا الَّذِيْنَ عٰهَدْتُّمْ عِنْدَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۚ فَمَا
اسْتَقَامُوْا لَكُمْ فَاسْتَقِيْمُوْا لَهُمْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ
الْمُتَّقِيْنَ ۝

Kaifa yakuunu lilmusyrikiina 'ahdun 'indallaahi wa 'inda rasuulihii illal ladziina 'aahad-tum 'indal masjidil haraam, famas taqaamuu lakum fastaqiimuu lahum, innallaaha yuhibbul muttaqiin.

8. Kapriye ta sira kok kudu netepi janjinira karo wong-wong musyrik, kang mangka manawa dheweke bisa ngalahake ing sira, dheweke banjur ora padha bisa ngecakake sesanakan, lan ora padha netepi janjine marang sira. Pangucape wong-wong mau pancen bisa gawe legane atinira, nanging sajatine atine wong-wong mau sumeja ngemohi ing sira, sarta akeh-akehe wong-wong mau padha duraka.

٨ - كَيْفَ وَاِنْ يَّظْهَرُوْا عَلَيْكُمْ لَا يَرْقُبُوْا فِيْكُمْ اِلًّا
وَّلَا ذِمَّةً ۭ يُرْضُوْنَكُمْ بِاَفْوَاهِهِمْ وَتَاْبٰى قُلُوْبُهُمْ
وَاَكْثَرُهُمْ فٰسِقُوْنَ ۝

Kaifa wa-iy yazh-haruu 'alaikum laa yarqubuu fiikum illaw walaa dzimmah, yurdhuunakum bi-afwaahihim wa ta'baa quluubuhum, wa-aktsaruhum faasiquun.

9. Dheweke padha nuku ing ayat-ayating Allah kalawan rega kang sathithik, banjur padha nyegah manungsa aja nganti labuh ing dedalaning Allah, pancen ala temen tindake wong-wong mau.

٩ - اِشْتَرَوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ ثَمَنًا قَلِيْلًا فَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِهٖ ۭ
اِنَّهُمْ سَاۗءَ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Isytarau bi-aayaatillaahi tsamanan qaliilan fashadduu 'an sabiilih, innahum saa-a maa kaanuu ya'maluun.

10. Dheweke iku ora padha bisa ngecakake sesanakan karo wong Mukmin, lan ora padha netepi janjine. Wong kang mangkono mau yaiku wong-wong kang padha ngliwati wates.

١٠ - لَا يَرْقُبُوْنَ فِيْ مُؤْمِنٍ اِلًّا وَّلَا ذِمَّةً ۭ وَاُولٰۗىِٕكَ هُمُ
الْمُعْتَدُوْنَ ۝

Laa yarqubuuna fii mu'minin illaw walaa dzimmah, wa ulaa-ika humul mu'taduun.

445). Maksudipun boten badhe saged tetiyang musyrikin anetepi parjanjiyan kalayan Allah lan Rasulipun.

11. Dene manawa dheweke padha gelem enggal tobat marang Allah, lan padha gelem nindakake Shalat, sarta padha aweh Zakat, pancen dheweke iku sadulurira tunggal Agama. Lan Ingsun wus mrinci-mrinci ayat marang wong-wong kang padha mangerti.

١١ - فَإِنْ تَابُوا وَأَقَامُوا الصَّلٰوةَ وَآتَوُا الزَّكٰوةَ فَإِخْوَانُكُمْ
فِي الدِّيْنِ وَنُفَصِّلُ الْآيٰتِ لِقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ۝

Fa-in taabuu wa aqaamush shalaata wa aatuz zakaata fa-ikhwaanukum fiddiin, wa nufashshilul aayaati liqaumiy ya'lamuun.

12. Manawa wong-wong musyrik mau padha ngrusak nyidrani perjanjiyane kang wus dijanjekake, sarta padha mada Agamanira, sira enggal padha merangana marang para panggedhene wong kafir mau, sebab dheweke iku wus ora patut perjanjiyan karo sira kabeh, muga-muga dheweke padha gelem mareni tumindake.

١٢ - وَإِنْ نَّكَثُوْٓا أَيْمَانَهُمْ مِّنْ بَعْدِ عَهْدِهِمْ وَطَعَنُوْا
فِيْ دِيْنِكُمْ فَقَاتِلُوْٓا أَئِمَّةَ الْكُفْرِ ۙ إِنَّهُمْ لَآ أَيْمَانَ
لَهُمْ لَعَلَّهُمْ يَنْتَهُوْنَ ۝

Wa-in nakatsuu aimaanahum mim ba'di 'ahdihim watha'anuu fii diinikum faqaatiluu a-immatal kufr, innahum laa aimaana lahum la'allahum yantahuun.

13. **Apa sira ora amerangi wong kang padha ngrusak nyidrani perjanjiyane, mangka dheweke padha neja nundhung Utusaning Allah,[446] sarta dheweke iku kang marahi luwih dhisik. Apa sira iku padha wedi marang wong-wong mau? Aja, awit mung Allah kang luwih hak kudu sira wedeni, yen nyata sira iku padha iman!**

١٣ - أَلَا تُقَاتِلُوْنَ قَوْمًا نَّكَثُوْٓا أَيْمَانَهُمْ وَهَمُّوْا بِإِخْرَاجِ
الرَّسُوْلِ وَهُمْ بَدَءُوْكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍ ۚ أَتَخْشَوْنَهُمْ ۚ فَاللّٰهُ
أَحَقُّ أَنْ تَخْشَوْهُ إِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ۝

Alaa tuqaatiluuna qauman nakatsuu aimaanahum wa hammuu bi-ikhraajir rasuuli wahum bada-uukum awwala marrah, atakhsyaunahum, fallaahu ahaqqu antakhsyauhu in kuntum mu'miniin.

14. Hayo, enggal sira padha merangana wong-wong musyrik iku, kebeneran Allah uga arsa anyiksa marang dheweke nganggo lantaran tanganira, lan andamel ina uriping dheweke, sarta PanjenengaNe arsa paring pitulung ing sira ngalahake marang dheweke, apa dene PanjenengaNe anjembarake dhadhane para wong kang padha iman.

١٤ - قَاتِلُوْهُمْ يُعَذِّبْهُمُ اللّٰهُ بِأَيْدِيْكُمْ وَيُخْزِهِمْ وَيَنْصُرْكُمْ
عَلَيْهِمْ وَيَشْفِ صُدُوْرَ قَوْمٍ مُّؤْمِنِيْنَ ۝

Qaatiluuhum yu'adzdzibhumullaahu biaidiikum wa yukhzihim wa uanshurkum 'alaihim wa yasyfi shuduura qaumim mu'miniin.

15. Lan PanjenengaNe Allah arsa ngilangi muringing atine wong Mukmin, sarta Allah arsa paring pangapura marang wong kang dikarsakake, awit Allah iku kang Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.

١٥ - وَيُذْهِبْ غَيْظَ قُلُوْبِهِمْ ۗ وَيَتُوْبُ اللّٰهُ عَلٰى مَنْ يَّشَآءُ ۗ
وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۝

Wa yudzhib ghaizha quluubihim, wa yatuubullaahu 'alaa may yasyaa', wallaahu 'aliimun hakiim.

446). Cetha wela-wela bilih tetiyang musyrikin sami nerjang ing sumpah lan ngrisak ing parjanjiyan, kadosta nundhung Rasulullah saking Mekah.

16. Apa sira kabeh padha ngira, manawa sira kabeh iku mung bakal dikendelake, ora dicoba, kang mangka Allah durung ngawuningani ing sira kabeh anggone padha labuh perang, lan durung padha sih sinihan marang 447) saliyane Allah lan UtusaNe, sarta wong-wong kang padha iman. Dene Allah iku kang Maha Waspada ing samubarang kang padha sira tindakake.

١٦- أَمْ حَسِبْتُمْ أَنْ تُتْرَكُوا وَلَمَّا يَعْلَمِ اللَّهُ الَّذِينَ جَاهَدُوا مِنْكُمْ وَلَمْ يَتَّخِذُوا مِنْ دُونِ اللَّهِ وَلَا رَسُولِهِ وَلَا الْمُؤْمِنِينَ وَلِيجَةً ۚ وَاللَّهُ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ ۝

Am hasibtum an tutrakuu walammaa ya'lamillaahul ladziina jaahaduu minkum wa lam yattakhudzuu min duunillaahi walaa rasuulihii walal mu'miniina waliijah, wallaahu khabiirum bimaa ta'maluun.

Gawe rejaning Mesjid (Ta'mirul Masjid)

17. Ora bakal kelakon, wong kang padha musyrik iku arep makmurake Mesjid-Mesjide Allah, awit dheweke dhewe wus padha nyekseni marang kekafirane awake. Wong kang mangkono iku lebur kabeh amale, lan sawuse mati dheweke bakal padha kacemplung Neraka, langgeng ing salawase.

١٧- مَا كَانَ لِلْمُشْرِكِينَ أَنْ يَعْمُرُوا مَسَاجِدَ اللَّهِ شَاهِدِينَ عَلَىٰ أَنْفُسِهِمْ بِالْكُفْرِ ۚ أُولَٰئِكَ حَبِطَتْ أَعْمَالُهُمْ ۖ وَفِي النَّارِ هُمْ خَالِدُونَ ۝

Maa kaana lil musyrikiina ay ya'muruu masaajidallaahi syaahidiina 'alaa anfusihim bil kufr, ulaa-ika habithat a'maa luhum, wa finnaari hum khaaliduun.

18. Sejatine kang bisa gawe makmur rejaning Mesjid-Mesjide Allah iku mung wong-wong kang padha iman ing Allah, lan dina Akhir, sarta nindakake Shalat lan aweh Zakat, apa dene ora padha wedi kajaba mung marang Allah pribadi. Muga-muga wong-wong kang mangkono mau klebu dadi golongane wong kang kaparingan pituduh.

١٨- إِنَّمَا يَعْمُرُ مَسَاجِدَ اللَّهِ مَنْ آمَنَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَأَقَامَ الصَّلَاةَ وَآتَى الزَّكَاةَ وَلَمْ يَخْشَ إِلَّا اللَّهَ فَعَسَىٰ أُولَٰئِكَ أَنْ يَكُونُوا مِنَ الْمُهْتَدِينَ ۝

Innamaa ya'muru masaajidallaahi man aamana billaahi wal yaumil aakhiri wa aqaamash shalaata wa aataz zakaata walam yakhsya illallaaha fa'asaa ulaa-ika ay yakuunuu minal muhtadiin.

19. He para wong musyrik, apa sira padha ngira manawa aweh omben-omben marang wong kang pinuju nindakake rukun Hajji, lan makmurake ing Mesjidil-Harom iku sira anggep padha karo wong kang iman ing Allah, 448) lan dina Akhir, lan kang lelabuh ing Agamaning Allah? Mangertia sajatine iku

١٩- أَجَعَلْتُمْ سِقَايَةَ الْحَاجِّ وَعِمَارَةَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ كَمَنْ آمَنَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَجَاهَدَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ ۚ لَا يَسْتَوُونَ عِنْدَ اللَّهِ ۚ وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ۝

447). Maksudipun Allah badhe neter imanipun tetiyang Islam, sarana mbedakaken, pundi ingkang yektos-yektos benjoang kaliyan ingkang lamis, lan sinten ta ingkang boten nganggep sekabat karip kaliyan tiyang kafir ingkang sering ambocoraken wewadining strategi perjoangan umat Islam.

448). Tumurunipun ayat punika sarana gamblang anerangaken bilih tiyang ingkang suka unjukan jema'ah Haji lan ngurusi Masjidil haram punika boten langkung utami katimbang iman ing Allah lan ndherek Hijrah ing margining Allah, kados ingkang kaweca ing ayat no 20 sambetipun.

ora padha mungguhing Allah. Ana dene Allah iku ora karsa anuduhake golongan kang padha nganiaya.

Aja'altum siqaayatal haajji wa 'imaaratal masjidil haraama kaman aamana billaahi walyaumil aakhiri wa jaahada fii sabiilillaah, laa yastawuuna 'indallaah, wallaahu laa yahdil qaumazh zhaalimiin.

٢٠- اَلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَهَاجَرُوْا وَجٰهَدُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ اَعْظَمُ دَرَجَةً عِنْدَ اللّٰهِ ۗ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْفَآئِزُوْنَ ۝

20. Wong-wong kang padha iman lan padha hijrah (boyongan) sarta padha nglabuhake bandha lan jiwa ragane ana ing Agamaning Allah, wong iku luwih luhur pangkate ana ing ngarsaning Allah, lan wong kang mangkono iku yaiku wong kang padha begja.

Alladziina aamanuu wa haajaruu wa jaahaduu fii sabiilillaahi bi-amwaalihim wa anfusihim a'zhamu darajatan 'indallaah, wa ulaa-ika humul faa-izuun.

٢١- يُبَشِّرُهُمْ رَبُّهُمْ بِرَحْمَةٍ مِّنْهُ وَرِضْوَانٍ وَّجَنّٰتٍ لَّهُمْ فِيْهَا نَعِيْمٌ مُّقِيْمٌ ۝

21. Pangeran sesembahane karsa mbebungah marang dheweke kanthi paring rakhmat lan karidhanNe sarta paring Suwarga. Ana ing kono dheweke bakal padha oleh kani'matan kang tetep.

Yubasysyiruhum rabbuhum birahmatim minhu wa ridhwaaniw wa jannaatil lahum fiihaa na'iimum muqiim.

٢٢- خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۗ اِنَّ اللّٰهَ عِنْدَهٗٓ اَجْرٌ عَظِيْمٌ ۝

22. Dheweke bakal padha langgeng anggone manggon ana ing Suwarga salawas-lawase. Sanyata Allah iku kang kagungan ganjaran kang agung.

Khaalidiina fiihaa abadaa, innallaaha 'indahuu ajrun 'azhiim.

٢٣- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَتَّخِذُوْٓا اٰبَآءَكُمْ وَاِخْوَانَكُمْ اَوْلِيَآءَ اِنِ اسْتَحَبُّوا الْكُفْرَ عَلَى الْاِيْمَانِ ۗ وَمَنْ يَّتَوَلَّهُمْ مِّنْكُمْ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ۝

23. He para wong Mukmin kabeh! Sira aja padha ndadekake pemimpin marang Bapakira lan Sadulurira yen dheweke iku padha milih dhemen kafir tinimbang iman. Dene sing sapa wonge saka sira kabeh ana kang ndadekake pemimpin marang wong-wong mau, sanyata dheweke iku klebu wong kang padha nganiaya.

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattakhidzuu aabaa-akum wa ikhwaanakum auliyaa-a inis tahabbul kufra 'alal iimaan, wamay yatawallahum minkum fa-ulaa-ika humuzh zhaalimuun.

٢٤- قُلْ اِنْ كَانَ اٰبَآؤُكُمْ وَاَبْنَآؤُكُمْ وَاِخْوَانُكُمْ وَاَزْوَاجُكُمْ وَعَشِيْرَتُكُمْ وَاَمْوَالُ ِۨاقْتَرَفْتُمُوْهَا وَتِجَارَةٌ تَخْشَوْنَ كَسَادَهَا وَمَسٰكِنُ تَرْضَوْنَهَآ اَحَبَّ اِلَيْكُمْ مِّنَ اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَجِهَادٍ فِيْ سَبِيْلِهٖ فَتَرَبَّصُوْا حَتّٰى يَاْتِيَ

24. Dhawuha sira Muhammad: "Yen Wong-Wong Tuwanira, Anak-Anakira, Sadulur-Sadulurira, Bojo-Bojonira, para Krabatira, kabeh bandha kang padha sira lakokake, sarta dagangan kang padha sira kuwatirake rugine, apa dene omah kang padha sira senengi iku luwih andhemenake marang sira kabeh, tinimbang Allah, lan UtusaNe, sarta perang angluhurake Agamaning Allah, aluwung sira

padha ngentenana nganti Allah anekakake siksaNe. Dene Allah iku ora karsa nuduhake marang golongan kang padha duraka.

فَتَرَبَّصُوا حَتّٰى يَأْتِيَ اللّٰهُ بِأَمْرِهٖ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفٰسِقِيْنَ ۝٢٤

Qul in kaana aabaa-ukum wa abnaa-ukum wa ikhwaanukum wa azwaaju-kum wa 'asyiiratukum wa amwaalu-niqtaraftumuuhaa wa tijaaratun takh-syauna kasaadahaa wa masaakinu tar-dhaunahaa ahabba ilaikum minallaahi wa rasuulihii wa jihaadin fii sabiilihii fatarabbashuu hattaa ya'tiyallaahu bi-amrih, wallaahu laa yahdil qaumal faa-siqiin.

Ummat Islam sarana pitulunging Allah menang ing palagan-palagan perang!

25. Temen Allah wus paring pitulung marang sira kabeh, ana ing pirang-pirang palagan lan nalika ana ing palagan perang Hunain. Yaiku nalika sira kabeh, padha gumun jalaran saka akehe kancanira, mangka iku ora bisa andayani ing sira kabeh sithik-sithika, sarta Bumi kang jembare semene iki karasa rupek tumrap sira kabeh, satemah sira kabeh padha ngucira tinggal gelanggang acolong playu.

٢٥- لَقَدْ نَصَرَكُمُ اللّٰهُ فِيْ مَوَاطِنَ كَثِيْرَةٍ ۙ وَّيَوْمَ حُنَيْنٍ ۙ
اِذْ اَعْجَبَتْكُمْ كَثْرَتُكُمْ فَلَمْ تُغْنِ عَنْكُمْ شَيْـًٔا وَّ
ضَاقَتْ عَلَيْكُمُ الْاَرْضُ بِمَا رَحُبَتْ ثُمَّ وَلَّيْتُمْ
مُّدْبِرِيْنَ ۚ ۝

Laqad nashara kumullaahu fii mawaa-thiina katsiiratiw wa yauma hunainin idz a'jabatkum katsratukum falam tugh-ni 'ankum syai-an wa dhaaqat 'alai-kumul ardhu bimaa rahubat tsumma wallaitum mudbiriin.

26. PanjenengaNe Allah banjur paring pitulung, yaiku nurunake katentreman marang UtusaNe, lan marang para wong Mukmin, sarta anurunake pirang-pirang prajurit kang sira ora padha sumurup, lan nyiksa marang para wong kafir, kang mangkono iku piwalese wong-wong kang padha kafir.

٢٦- ثُمَّ اَنْزَلَ اللّٰهُ سَكِيْنَتَهٗ عَلٰى رَسُوْلِهٖ وَعَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ
وَاَنْزَلَ جُنُوْدًا لَّمْ تَرَوْهَا وَعَذَّبَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ۗ
وَذٰلِكَ جَزَآءُ الْكٰفِرِيْنَ ۝

Tsumma anzalallaahu sakiinatahuu 'alaa rasuulihii wa 'alal mu'miniina wa anzala junuudal lam tarauhaa wa'adzdzabal ladziina kafaruu wa dzaalika jazaa-ul kaafiriin.

27. Sabanjure PanjenengaNe Allah paring pangapura marang wong kang dadi kapareng-ing karsaNe, pancen Allah iku Pangeran kang Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٢٧- ثُمَّ يَتُوْبُ اللّٰهُ مِنْۢ بَعْدِ ذٰلِكَ عَلٰى مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ
غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Tsumma yatuubullaahu mim ba'di dzaa-lika 'alaa may yasyaa', wallaahu gha-fuurur rahiim.

٢٨- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِنَّمَا ٱلْمُشْرِكُونَ نَجَسٌ فَلَا يَقْرَبُوا۟ ٱلْمَسْجِدَ ٱلْحَرَامَ بَعْدَ عَامِهِمْ هَٰذَا ۚ وَإِنْ خِفْتُمْ عَيْلَةً فَسَوْفَ يُغْنِيكُمُ ٱللَّهُ مِن فَضْلِهِۦٓ إِن شَآءَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ۝

28. He para wong Mukmin kabeh! Satemene wong-wong musyrik iku najis lan jember, jalaran saka iku, sawuse tahun iki, dheweke aja nganti nyedhak marang Masjidil-Harom. Dene manawa sira kabeh padha kuwatir, yen nganti nandhang kamelaratan,[449] jalaran anggonira padha pepisahan karo wong musyrik mau, yen Allah ngersakake, Allah bakal andadekake sugih ing sira kabeh saka kanugrahaNe. Sanyata Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu innamal musyrikuuna najasuw walaa yaqrabul masjidal haraama ba'da 'aamihim haadzaa, wa-in khiftum 'ailatan fasaufa yughniikumullaahu min fadhlihii insyaa-a innallaaha 'aliimun hakiim.

٢٩- قَٰتِلُوا۟ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ وَلَا بِٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ وَلَا يُحَرِّمُونَ مَا حَرَّمَ ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ وَلَا يَدِينُونَ دِينَ ٱلْحَقِّ مِنَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ حَتَّىٰ يُعْطُوا۟ ٱلْجِزْيَةَ عَن يَدٍ وَهُمْ صَٰغِرُونَ ۝

29. Sira kabeh padha merangana wong-wong kang padha ora iman ing Allah, lan ora padha ngaramake barang kang wus diharamake dening Allah lan UtusaNe, sarta ora padha ngrasuk Agama kang bener, yaiku saka golongane wong-wong kang padha kaparingan Kitab,[450] nganti dheweke padha gelem awch bulubekti[451] kanthi manut sarta dheweke padha gelem andhap asor.[452]

Qaatilul ladziina laa yu'minuuna billaahi walaa bil yaumil aakhiri walaa yuharrimuuna maa harramallaahu wa rasuuluhuu walaa yadiinuuna diinal haqqi minal ladziina uutul kitaaba hattaa yu'thul jizyata 'ay yadiw wahum shaaghiruun.

٣٠- وَقَالَتِ ٱلْيَهُودُ عُزَيْرٌ ٱبْنُ ٱللَّهِ وَقَالَتِ ٱلنَّصَٰرَى ٱلْمَسِيحُ ٱبْنُ ٱللَّهِ ۖ ذَٰلِكَ قَوْلُهُم بِأَفْوَٰهِهِمْ ۖ يُضَٰهِـُٔونَ قَوْلَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَبْلُ ۚ قَٰتَلَهُمُ ٱللَّهُ ۖ أَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ۝

30. Wong Yahudi angucap: " 'Uzair iku putrane Allah", wong Nasrani uga ngucap: " 'Isa Al Masih iku putraNe Allah", mangkono iku pangucape kalawan lisan-lisane kang ora kanthi katerangan (argumentasi), memper karo pangucape wong-wong kafir dhuk zaman biyen, muga-muga dila'natana wong-wong mau dening[453] Allah! Jeneh dheweke mau padha mlengos?

Wa qaalatil yahuudu 'uzairunibnullaahi wa qaalatin nashaaral masiihubnullaah, dzaalika qauluhum bi-afwaahihim, yudhaahi-uuna qaulal ladziina kafaruu min qabl, qaatala humullaahu annaa yu'fakuun.

449). Kuwatos badhe ringkih ekonominipun, jalaran boten saged malih transaksi dedagangan kaliyan tetiyang musyrikin, Allah badhe paring lelintu margi sanes ingkang langkung ageng sarta makmur amurakabi sadaya kabetahanipun.

450). Inggih punika kaum Yahudi lan Nasrani.

451). Utawi pajeg pisungsung minangka imbalan jasaning Pamarentah ingkang tinanggenah ngasta kaamanan, kesehatan, pendidikan, lan sanes-sanesipun.

452). Tegesipun sikep mental ta'at ing angger-angger lan pranatan Pamarentah, boten gadhah sedya ambalela lan memengsahan.

453). Sabda pangandika: "qaatala humullahu" punika ateges gumun sanget ing bab ingkang mutawatosi.

31. Dheweke iku padha nganggep para Pandhitane dadi Pangeran kang sinembah-sembah saliyane Allah, lan uga dheweke padha nganggep 'Isa Al-Masih putra Maryam dadi Pangeran kang sinembah-sembah, ing mangka dheweke mung padha didhawuhi supaya nyembah ing Pangeran kang Suwiji, ora ana pepundhen kajaba mung PanjenengaNe Allah piyambak, Allah iku Maha Suci saka barang kang padha sekuthokake.

٣١. اِتَّخَذُوْٓا اَحْبَارَهُمْ وَرُهْبَانَهُمْ اَرْبَابًا مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَالْمَسِيْحَ ابْنَ مَرْيَمَ ۚ وَمَآ اُمِرُوْٓا اِلَّا لِيَعْبُدُوْٓا اِلٰهًا وَّاحِدًا ۚ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ سُبْحٰنَهٗ عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ۝

Ittakhadzuu ahbaarahum wa ruhbaanahum arbaabam min duunillaahi walmasiihabna maryam, wamaa umiruu illaa liya'buduu ilaahaw waahidaa, laa ilaaha illaa huwa, subhaanahuu 'ammaa yusyrikuun.

Tanduk kang adhedhasar kaantepane lan kapercayaane wong Yahudi lan Nasrani.

32. Dheweke sumadya arep nyirep pepadhanging Allah (Al Quraan) kalawan lisan-lisane, ananging Allah ora marengake. PanjenengaNe malah nyampurnakake pepadhange, sanajan wong-wong kafir iku padha gething.

٣٢. يُرِيْدُوْنَ اَنْ يُّطْفِـُٔوْا نُوْرَ اللّٰهِ بِاَفْوَاهِهِمْ وَيَاْبَى اللّٰهُ اِلَّآ اَنْ يُّتِمَّ نُوْرَهٗ وَلَوْ كَرِهَ الْكٰفِرُوْنَ ۝

Yuriiduuna ay yuthfi-uu nuurallaahi bi-afwaahihim waya'ballaahu illaa ay yutimma nuurahuu walau karihal kaafiruun.

33. PanjenengaNe Allah iku Pangeran kang ngutus UtusaNe kalawan ngampil pituduh, lan Agama kang bener, supaya dheweke nglahirake unggule Agama iku nganti ngalahake sakabehing Agama, sanajan wong-wong musyrik iku padha sengit.

٣٣. هُوَ الَّذِيْٓ اَرْسَلَ رَسُوْلَهٗ بِالْهُدٰى وَدِيْنِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهٗ عَلَى الدِّيْنِ كُلِّهٖ ۙ وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُوْنَ ۝

Huwal ladzii arsala rasuulahuu bilhudaa wa diinil haqqi liyuzh-hirahuu 'alad-diini kullih, walau karihal musyrikuun.

34. He para wong Mukmin kabeh! Sanyata akeh-akehe Padrine kaum Yahudi, lan para Pendhitane ummat Nasrani iku wus padha mangan bandhaning manungsa kalawan bebatalan, sarta padha ngalang-alangi saka Agamaning Allah. Dene wong-wong kang padha nyimpen emas, lan salaka ora gelem anan-jakake kanggo mbantu ing dedalaning Allah,[454] mula sira Muhammad, ambebungaha marang wong-wong mau kalawan siksa kang nglarani.

٣٤. يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنَّ كَثِيْرًا مِّنَ الْاَحْبَارِ وَالرُّهْبَانِ لَيَاْكُلُوْنَ اَمْوَالَ النَّاسِ بِالْبَاطِلِ وَيَصُدُّوْنَ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۗ وَالَّذِيْنَ يَكْنِزُوْنَ الذَّهَبَ وَالْفِضَّةَ وَلَا يُنْفِقُوْنَهَا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۙ فَبَشِّرْهُمْ بِعَذَابٍ اَلِيْمٍ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu inna katsiiram minal ahbaari warruhbaani layakkuluuna amwaalan naasi bil baathili wa yashudduuna 'an sabiilillaahi, walladziina yaknizuunadz dzahaba wal fidhdhata walaa yunfiquunahaa fii sabiilillaahi fabasysyirhum bi'adzaabin aliim.

454). Artosipun botenpurun bayar zakat.

٣٥- يَوْمَ يُحْمٰى عَلَيْهَا فِيْ نَارِ جَهَنَّمَ فَتُكْوٰى بِهَا جِبَاهُهُمْ وَجُنُوْبُهُمْ وَظُهُوْرُهُمْ ۗ هٰذَا مَا كَنَزْتُمْ لِاَنْفُسِكُمْ فَذُوْقُوْا مَا كُنْتُمْ تَكْنِزُوْنَ ۝

35. Besuk ana ing dina Qiyamat, emas lan salaka iku diobong ana ing sajeroning Naraka Jahanam, banjur disetlikakake ana ing bathuke, lempenge lan gegere, sarta padha dingandikani: "Lah, hiya iki bandha kang sira simpen mung kanggo awakira dhewe, mara sira padha ngicipana wewalese bandha kang sira simpen!"

Yauma yuhmaa 'alaihaa fii naari jahannama fatukwaa bihaa jibaahuhum wa junuubuhum wa zhahuuruhum, haadzaa maa kanaztum li-anfusikum fadzuuquu maa kuntum taknizuun.

Wilangan sasi kang dimulyakake.

٣٦- إِنَّ عِدَّةَ الشُّهُوْرِ عِنْدَ اللّٰهِ اثْنَا عَشَرَ شَهْرًا فِيْ كِتٰبِ اللّٰهِ يَوْمَ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ مِنْهَآ اَرْبَعَةٌ حُرُمٌ ۗ ذٰلِكَ الدِّيْنُ الْقَيِّمُ ۙ فَلَا تَظْلِمُوْا فِيْهِنَّ اَنْفُسَكُمْ ۗ وَقَاتِلُوا الْمُشْرِكِيْنَ كَآفَّةً كَمَا يُقَاتِلُوْنَكُمْ كَآفَّةً ۗ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ مَعَ الْمُتَّقِيْنَ ۝

36. Sanyata wilangane sasi mungguhing Allah iku ana rolas sasi kaya kang wus kapacak ana ing Kitabe Allah, wiwit tumitahing Langit lan Bumi, yaiku sasi papat kang mulya, Dzulka'idah, Dzulhijjah, Muharrom, lan Rajab, iku mau wus kalebu ing kono, yaiku Agama kang bener. Jalaran saka iku sira aja padha nganiaya marang awakira dhewe ana ing sasi kang mulya iku. Lan sira merangana wong-wong musyrik kabeh bae, kaya dene anggone dheweke wus padha merangi ing sira kabeh. Lan sira padha mangertia, satemene Allah iku anartani wong-wong kang padha taqwa marang PanjenengaNe.

Inna 'iddatasy syuhuuri 'indallaahits naa 'asyara syahran fii kitaabillaahi yauma khalaqas samaawaati wal ardha minhaa arba'atun hurum, dzaalikaddiinul qayyim, falaa tazhlimuu fiihinna anfusakum wa qaatilul musyrikiina kaaffatan kamaa yuqaatiluu nakum kaaffatan wa'lamuu annallaaha ma'al muttaqiin.

٣٧- إِنَّمَا النَّسِيْٓءُ زِيَادَةٌ فِي الْكُفْرِ ۖ يُضَلُّ بِهِ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا يُحِلُّوْنَهٗ عَامًا وَّيُحَرِّمُوْنَهٗ عَامًا لِّيُوَاطِـُٔوْا عِدَّةَ مَا حَرَّمَ اللّٰهُ فَيُحِلُّوْا مَا حَرَّمَ اللّٰهُ ۗ زُيِّنَ لَهُمْ سُوْٓءُ اَعْمَالِهِمْ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْكٰفِرِيْنَ ۝

37. Sajatine ngrerendhe sasi Haram iku nambahi ana ing kekafiran, awit mangkono iku wong-wong kafir disasarake sarana ngrerendhe iku, sawijining mangsa dheweke padha ngalalake, nanging ana mangsa liyane padha ngaramake, maksude mono arep anggenepi sasi kang diharamake dening Allah genep papat, nuli dheweke padha ngalalake barang kang diharamake dening Allah,[455] dheweke padha dipacak kalawan tindak-tindake kang ala. Dene Allah iku ora karsa nuduhake marang golongan kang padha kafir.[456]

Innaman nasii-u ziyaadatun fil kufri yudhallu bihil ladziina kafaruu yuhilluu nahuu 'aamaw wa yuharrimuunahuu 'aamal liyuwaathi-uu 'iddata maa harramallaahu fayuhilluu maa harramallaah, zuyyina lahum suu-u a'maalihim, wallaahu laa yahdil qaumal kaafiriin.

455). Kaum jahiliyah kadhangkala taksih ngetrapaken syari'atipun Heyang Nabi Ibrahim a.s., upaminipun tradisi boten peperangan ing wulan Sekawan ingkang Mulya, ananging dipun reka-reka malih supados boten nerjang wewaler haram, manawi kapeksa peperangan ing wulan Muharram, ing wulan Sapar boten mangsah perang, criyosipun minangka gantosipun wulan ingkang dipun terjang wau.

456). Tumindakipun tetiyang kafir ingkang awon punika dipun rengga-rengga sae dening syetan supados katingalipun kados amal saleh!

Sejarahe perang ing palagan Tabuk. Anjuran jihad ing dedalaning Allah.

38. He para wong Mu'min kabeh! Yagene manawa sira padha didhawuhi: "Sira padha budhala perang, saperlu andon yuda anglabuhi Agamaning Allah, sira kok padha ngrerendhe rumangsa kabotan lumaku ana ing Bumi. Apa sira wus lila padha marem kalawan panguripan Donya tinimbang Akherat? Mangka panguripan Donya iku yen katimbang karo Akherat iku mung remeh, dudu emput-empute".

٣٨- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَا لَكُمْ اِذَا قِيْلَ لَكُمُ انْفِرُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ اثَّاقَلْتُمْ اِلَى الْاَرْضِ ۗ اَرَضِيْتُمْ بِالْحَيٰوةِ الدُّنْيَا مِنَ الْاٰخِرَةِ ۚ فَمَا مَتَاعُ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا فِى الْاٰخِرَةِ اِلَّا قَلِيْلٌ ۝

Yaa ayyuhal laziina aamanuu maa lakum idzaa qiila lakumun firuu fii sabiilillaahits tsaaqaltum ilal ardh, aradhiitum bil hayaatid dunyaa minal aakhirah, famaa mataa'ul hayaatid dunyaa fil aakhirati illaa qaliil.

39. "Manawa sira ora padha enggal budhal, Allah bakal nyiksa ing sira kabeh kalawan siksa kang nglarani. PanjenengaNe bakal angganti ing sira kabeh kalawan titah liyane, sarta sira kabeh ora bakal padha bisa gawe kemlaratane Allah sathithik-thithika. Dene Allah iku Maha Kuwasa ing samubarang".

٣٩- اِلَّا تَنْفِرُوْا يُعَذِّبْكُمْ عَذَابًا اَلِيْمًا ۙ وَّيَسْتَبْدِلْ قَوْمًا غَيْرَكُمْ وَلَا تَضُرُّوْهُ شَيْـًٔا ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَىْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Illaa tanfiruu yu'adzdzibkum 'adzaaban aliimaa, wa yastabdil qauman ghairakum walaa tadhurruuhu syai-aa, wallaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

40. Manawa sira ora padha gelem nulungi Muhammad, mangka sajatine Allah wus paring pitulung marang dheweke ing nalika wong-wong kafir nundhung saka Mekkah, wong sakeloron padha andhelik ing sajeroning guwa,[457] Muhammad angucap marang rewange: "Sira aja susah, jalaran satemene Allah anartani ing aku lan sira". Mangka Allah banjur anurunake katentreman lan paring kekuatan marang dheweke sarana wadyabala kang ora sira sumurupi. Lan PanjenengaNe andadekake tembunge wong-wong kafir dadi asor, dene Kalimahe Allah dadi Luhur, Allah iku Maha Gagah sarta Maha Wicaksana.

٤٠- اِلَّا تَنْصُرُوْهُ فَقَدْ نَصَرَهُ اللّٰهُ اِذْ اَخْرَجَهُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ثَانِىَ اثْنَيْنِ اِذْ هُمَا فِى الْغَارِ اِذْ يَقُوْلُ لِصَاحِبِهٖ لَا تَحْزَنْ اِنَّ اللّٰهَ مَعَنَا ۚ فَاَنْزَلَ اللّٰهُ سَكِيْنَتَهٗ عَلَيْهِ وَاَيَّدَهٗ بِجُنُوْدٍ لَّمْ تَرَوْهَا وَجَعَلَ كَلِمَةَ الَّذِيْنَ كَفَرُوا السُّفْلٰى ۗ وَكَلِمَةُ اللّٰهِ هِىَ الْعُلْيَا ۗ وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ۝

Illaa tanshuruuhu faqad nasharahullaahu idz akhrajahul ladziina kafaruu tsaaniyatsnataini idz humaa fil ghaari idz yaquulu lishaahibihii laa tahzan innallaaha ma'anaa, fa-anzalallaahu sakiinatahuu 'alaihi wa ayyadahuu bijunuudil lam tarauhaa waja'ala kalimatal ladziina kafarus suflaa, wa kalimatullaahi hiyal 'ulyaa, wallaahu 'aziizun hakiim.

457). Kadadosan punika wonten ing lelampahan Hijrahipun Nabi s.a.w. kadherekaken Sekabat Abu Bakar Ashshiddiq r.a. sebab dipun bujung kaum musyrikin Mekkah, lajeng sawatawis wekdal ndhelik lan ngaso sedalu wonten guwo Tsaur, kirang langkung 5½ mil saking Mekkah. Ageng sanget lelabetanipun Sekabat Abu Bakar anggenipun ngayomi dhateng kawilujenganipun Kanjeng Nabi s.a.w. ngantos meh sadalu muput ngampet sakit dipun cokot sawer, ngantos tetes luhipun, lan sandhanganipun suwek-suwek pating sranthil sebab kanggo ngresiki rumiyin guwo ingkang angker wau; Rasulullah s.a.w. nenuwun dhumateng Allah: "Dhuh Gusti Allah, mugi Paduka andadosna Abu Bakar satunggal derajat kaliyan kula!" benjing ing dinten Qiyamat. (Allahumma ij'al Aba Bakrin fi darajatii yaumal Qiyamah).

41. Sira padha budhala perang lumaku utawa nenunggang, pinuju entheng, utawa pinuju abot, sarta sira padha lelabuha kalawan bandha lan jiwa raganira saperlu anglabuhi Agamaning Allah, kang mangkono iku luwih becik tumrap sira kabeh, yen nyata sira iku padha mangerti.

٤١ - اِنْفِرُوْا خِفَافًا وَّثِقَالًا وَّجَاهِدُوْا بِاَمْوَالِكُمْ وَاَنْفُسِكُمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۗ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ۝

Infiruu khifaafaw watsiqaalaw wajaahiduu bi-amwaalikum wa anfusikum fii sabiilillaah, dzaalikum khairul lakum in kuntum ta'lamuun.

42. He Muhammad! Saupama kang sira dhawuhake iku bangsa kadonyan tur gampang dilakoni, apa dene mung menyang Negara kang cedhak, yekti wong-wong mau padha andherek ing sira. Nanging adoh lan ngrekasakake marang dheweke; wong-wong mau bakal padha sumpah kalawan asmaning Allah: "Saupama kita kaconggah, yekti kita kabeh bakal padha budhal karo sira kabeh", dheweke iku padha ngrusak marang awake dhewe, Allah iku Maha Ngawuningani manawa sejatine wong-wong mau padha goroh.

٤٢ - لَوْ كَانَ عَرَضًا قَرِيْبًا وَّسَفَرًا قَاصِدًا لَّاتَّبَعُوْكَ وَلٰكِنْۢ بَعُدَتْ عَلَيْهِمُ الشُّقَّةُ ۗ وَسَيَحْلِفُوْنَ بِاللّٰهِ لَوِ اسْتَطَعْنَا لَخَرَجْنَا مَعَكُمْ يُهْلِكُوْنَ اَنْفُسَهُمْ ۚ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ اِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ۝

Lau kaana 'aradhan qariibaw wasafaran qaashidal lattaba'uuka walaakim ba'dat 'alaihimusy syuqqah, wa sayahlifuuna billaahi lawistatha'naa lakharajnaa ma'akum, yuhlikuuna anfusahum, wallaahu ya'lamu innahum lakaadzibuun.

43. Allah wus paring pangapura marang sira Muhammad! Sebab apa teka sira ngidzini marang wong-wong mau ora padha budhal 458) karo sira, ing mangka iku ora kena; nganti terang tumrap sira wong kang padha temen lan sira mangerti wong kang padha goroh.

٤٣ - عَفَا اللّٰهُ عَنْكَ ۚ لِمَ اَذِنْتَ لَهُمْ حَتّٰى يَتَبَيَّنَ لَكَ الَّذِيْنَ صَدَقُوْا وَتَعْلَمَ الْكٰذِبِيْنَ ۝

'Afallaahu 'anka, lima adzinta lahum hattaa yatabayyana lakal ladziina shadaquu wa ta'lamal kaadzibiin.

Sajatine mung wong munafik kang ora budhal perang.

44. Wong-wong kang padha iman ing Allah lan dina Akhir, ora bakal nyuwun idzin marang sira Muhammad kanggo alasan ora melu mangsah perang sarana nglabuhake bandha lan ragane. Dene Allah iku Maha Ngawuningani marang wong-wong kang padha taqwa ing PanjenengaNe.

٤٤ - لَا يَسْتَاْذِنُكَ الَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ اَنْ يُّجَاهِدُوْا بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ بِالْمُتَّقِيْنَ ۝

Laa yasta'dzinukal ladziina yu'minuuna billaahi wal yaumil aakhiri ay yujaahiduu bi-amwaalihim wa anfusihim, wallaahu 'aliimum bilmuttaqiin.

458). Maksudipun kenging punapa tetiyang ingkang ringkih mentalipun dipun idzini boten bidhal perang ing margining Allah? Punika anelakaken bilih anggulawenthah kajiwan (mental ideologi) punika wigatos saestu; sebab sadaya parjoangan tamtu kedah ngawekani ancaman, rerintangan, pepalang, ingkang pokokipun kedah awatak ksatriya kang utama!

45. Satemene kang padha nyuwun idzin ora melu perang marang sira Muhammad, iku mung wong kang ora padha iman ing Allah lan dina Akhir; awit atine padha ngemu ragu-ragu, mula saka iku dheweke tansah padha mangu-mangu kabingungan.

٤٥- إِنَّمَا يَسْتَأْذِنُكَ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ
الْآخِرِ وَارْتَابَتْ قُلُوبُهُمْ فَهُمْ فِي رَيْبِهِمْ يَتَرَدَّدُونَ ۝

Innamaa yasta'dzinukal ladziina yu'minuuna billaahi wal yaumil aakhiri wartaabat quluubuhum fahum fii rabbihim yataraddaduun.

46. Lan manawa dheweke iku pancen padha karep metoni ana ing peperangan, mesthine dheweke rak wus padha nyawisake pirantine, nanging Allah ora remen gumregahe atine wong-wong mau, iku jalaran saka jirihe lan kesede. Allah banjur ndamel wegah marang wong-wong mau, sarta dheweke padha didhawuhi: "Sira padha lungguha wahe karo wong-wong kang padha thenguk-thenguk kae".

٤٦- وَلَوْ أَرَادُوا الْخُرُوجَ لَأَعَدُّوا لَهُ عُدَّةً وَلَٰكِنْ كَرِهَ
اللَّهُ انْبِعَاثَهُمْ فَثَبَّطَهُمْ وَقِيلَ اقْعُدُوا مَعَ
الْقَاعِدِينَ ۝

Walau araadul khuruuja la-a'adduu lahuu 'uddataw walaakin karihallaahum bi'aatsahum fatsabbathahum wa qiilaq'uduu ma'al qaa'idiin.

47. Manawa dheweke iku kelakon budhal perang karo sira (kaum Muslimin), dheweke ora muwuhi kekuwatan marang sira kajaba malah mung bakal nuwuhake karusakan, lan temen dheweke padha ora saranta nyebarake wiji ala fitnah ana ing antaranira. Lan sawenehira ana golongan kang isih gelem ngrungokake pangucape wong-wong mau. Dene Allah iku Maha Ngawuningani wong-wong kang padha nganiaya.

٤٧- لَوْ خَرَجُوا فِيكُمْ مَا زَادُوكُمْ إِلَّا خَبَالًا وَلَأَوْضَعُوا
خِلَالَكُمْ يَبْغُونَكُمُ الْفِتْنَةَ وَفِيكُمْ سَمَّاعُونَ لَهُمْ
وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِالظَّالِمِينَ ۝

Lau kharajuu fiikum maa zaaduukum illaa khabaalaw wala audha'uu khilaalakum yabghuunakumul fitnah, wa fiikum sammaa'uuna lahum, wallaahu 'aliimum bizhzhaalimiin.

48. Wis wiwit biyen mula dheweke padha dhemen golek fitnah,459) lan padha ngrekadaya marang sira Muhammad, nganti teka ing sira barang kang bener, lan katon pitulungan kamenangane Agamaning Allah, mangka wong-wong mau padha gething.

٤٨- لَقَدِ ابْتَغَوُا الْفِتْنَةَ مِنْ قَبْلُ وَقَلَّبُوا لَكَ الْأُمُورَ
حَتَّىٰ جَاءَ الْحَقُّ وَظَهَرَ أَمْرُ اللَّهِ وَهُمْ كَارِهُونَ ۝

Laqadib taghawul fitnata min qablu wa qallabuu lakal umura hattaa jaa-al haqqu wa zhahara amrullaahi wahum kaarihuun.

49. Lan sawenehe wong-wong mau ana kang matur: "He Muhammad, mugi paringa palilah ing kula boten ndherek perang, sarta sampun kapetang tiyang ingkang ambangkang dhawuh panjenengan". Apa dheweke iku ora padha rumangsa yen wus tumiba ana ing

٤٩- وَمِنْهُمْ مَنْ يَقُولُ ائْذَنْ لِي وَلَا تَفْتِنِّي أَلَا فِي
الْفِتْنَةِ سَقَطُوا وَإِنَّ جَهَنَّمَ لَمُحِيطَةٌ بِالْكَافِرِينَ ۝

459). Supados masyarakat tansah kisruh, piwucal (doktrin) Islam dipun slewengaken, dhawuhing Allah dipun tutup-tutup kaleresanipun.

fitnah. [460] Lan sanyata naraka Jahanam iku nglimputi wong-wong kang padha kafir.

Wa minhum may yaquulu' dzallii walaa taftinnii, alaa fil fitnati saqathuu, wa inna jahannama lamuhiithatum bil kaafiriin.

50. He Muhammad, manawa sira oleh kabecikan, yekti marakake seriking atine wong-wong mau, ananging yen sira ketaman bebaya, dheweke bungah padha ngucap: "Pancen wiwit sadurunge pecah perang aku wus padha ngreksa awakku dhewe!" Lan dheweke padha mlengos sarta padha gembira atine!

٥٠- إِنْ تُصِبْكَ حَسَنَةٌ تَسُؤْهُمْ وَإِنْ تُصِبْكَ مُصِيبَةٌ يَقُولُوا قَدْ أَخَذْنَا أَمْرَنَا مِنْ قَبْلُ وَيَتَوَلَّوا وَهُمْ فَرِحُونَ ٥

In tushibka hasanatun tasu'hum, wa-in tushibka mushiibatuy yaquuluu qad akhadznaa amranaa min qablu wayatawallau wahum farihuun.

51. Dhawuha sira Muhammad!: "Ora pisan-pisan ana bebaya bakal ngenani ing kita, kajaba barang kang wus ditetepake dening Allah marang kita. PanjenengaNe iku Bendara kita, lan marang ngarsaning Allah wong Mu'min supaya padha tawakkal".

٥١- قُلْ لَنْ يُصِيبَنَا إِلَّا مَا كَتَبَ اللَّهُ لَنَا هُوَ مَوْلَانَا وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ ٥

Qul lay yushiibanaa illaa maa katabal-laahu lanaa huwa maulaanaa, wa 'alal-laahi falyatawakkalil mu'minuun.

52. Dhawuha sira Muhammad!: "Ora ana sing padha sira enteni, kajaba salah siji saka kabecikan loro [461] kang bakal tumiba. Lan kita tansah ngenteni anggone Allah matrapake siksa marang sira kabeh saka ngarsaNe, utawa saka kekuwatan kita. Mula saka iku sira padha ngentenana, sanyata kita uga ngenteni karo sira kabeh".

٥٢- قُلْ هَلْ تَرَبَّصُونَ بِنَا إِلَّا إِحْدَى الْحُسْنَيَيْنِ وَنَحْنُ نَتَرَبَّصُ بِكُمْ أَنْ يُصِيبَكُمُ اللَّهُ بِعَذَابٍ مِنْ عِنْدِهِ أَوْ بِأَيْدِينَا فَتَرَبَّصُوا إِنَّا مَعَكُمْ مُتَرَبِّصُونَ ٥

Qul hal tarabbashuuna binaa illaa ihdal husnayaiin, wa nahnu natarabbashu bikum ay yushiibakumullaahu bi'adzaabim min 'indihii au bi-aidiinaa, fatarabbashuu innaa ma'akum mutarabbishuun.

53. Dhawuha sira Muhammad!: "Sira padha nanjakna bandhanira nurut karepira dhewe, utawa kanthi kapeksa; pidarmanira iku ora pisan-pisan bakal katampa, [462] jalaran sira kabeh iku kalebu wong kang padha duraka!"

٥٣- قُلْ أَنْفِقُوا طَوْعًا أَوْ كَرْهًا لَنْ يُتَقَبَّلَ مِنْكُمْ إِنَّكُمْ كُنْتُمْ قَوْمًا فَاسِقِينَ ٥

Qul anfiquu thau'an au karhal lay yutaqabbala minkum, innakum kuntum qauman faasiquun.

460). Siyasatipun ahli fitnah punika julig sanget; ethok-ethok criyos "ajrih fitnah" jebulipun enjing-sonten, ngaler-ngidul, mlebet-medal tukang ngabul-abul fitnah.

461). Kasaenan kalih, inggih punika kamenangan perang lan gugur ing palagan dados pahlawan Syuhadak (pejah syahid).

462). Ingkang katampi dening Allah sarta dipun paringi ganjaran punika dedananipun kaum Muslimin ingkang ikhlas!

54. Lan ora ana kang anjalari pidarmane wong-wong mau katulak,[463] kajaba mung sebab dheweke iku padha kafir ing Allah, lan UtusaNe, lan dheweke ora padha anindakake Shalat kajaba kalawan abot-banget aras-arasen saka kesede, sarta dheweke ora padha gelem weweh pidarman kajaba kalawan mangkel.

٥٤. وَمَا مَنَعَهُمْ اَنْ تُقْبَلَ مِنْهُمْ نَفَقٰتُهُمْ اِلَّآ اَنَّهُمْ كَفَرُوْا بِاللّٰهِ وَبِرَسُوْلِهٖ وَلَا يَاْتُوْنَ الصَّلٰوةَ اِلَّا وَهُمْ كُسَالٰى وَلَا يُنْفِقُوْنَ اِلَّا وَهُمْ كٰرِهُوْنَ ۝

Wamaa mana'ahum an tuqbala minhum nafaqaatuhum illaa annahum kafaruu billaahi wabirasuulihii walaa ya'tuunash shalaata illaa wahum kusaalaa walaa yunfiquuna illaa wahum kaarihuun.

55. Poma dipoma, bandha lan anake wong-wong mau aja nganti anggumunake ing sira Muhammad. Jalaran karsaning Allah kanggo nyiksa marang wong-wong mau kalawan iku ana ing panguripan Donya, lan mbesuk dheweke padha mati tur isih padha kafir.

٥٥. فَلَا تُعْجِبْكَ اَمْوَالُهُمْ وَلَآ اَوْلَادُهُمْ ۭ اِنَّمَا يُرِيْدُ اللّٰهُ لِيُعَذِّبَهُمْ بِهَا فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَتَزْهَقَ اَنْفُسُهُمْ وَهُمْ كٰفِرُوْنَ ۝

Falaa tu'jibka amwaaluhum walaa aulaaduhum, innamaa yuriidullaahu liyu'adzdzibahum bihaa fil hayaatid dunyaa wa tazhaqa anfusuhum wahum kaafiruun.

56. Lan dheweke padha sumpah kalawan asmaning Allah, ngaku manawa dheweke iku golonganira, sajatine dudu golonganira, ananging satemene dheweke iku golongane wong kang padha jirih.

٥٦. وَيَحْلِفُوْنَ بِاللّٰهِ اِنَّهُمْ لَمِنْكُمْ ۭ وَمَا هُمْ مِّنْكُمْ وَلٰكِنَّهُمْ قَوْمٌ يَّفْرَقُوْنَ ۝

Wa yahlifuuna billaahi innahum laminkum, wamaa hum minkum walaakinnahum qaumuy yafraquun.

57. Saupama wong-wong mau padha entuk pangungsen, utawa guwa-guwa, apa dene trowongan, yekti dheweke banjur padha mlengos sarta padha lumebu ngungsi ing kono enggal-enggal!

٥٧. لَوْ يَجِدُوْنَ مَلْجَاً اَوْ مَغٰرٰتٍ اَوْ مُدَّخَلًا لَّوَلَّوْا اِلَيْهِ وَهُمْ يَجْمَحُوْنَ ۝

Lau yajiduuna malja-an au maghaaraatin au muddakhalal lawallau ilaihi wahum yajmahuun.

Tindak dhasar kaantepane wong munafik ing bab pambageyan sedhekah.

58. Lan sawenehe wong-wong munafik ana kang nyacad ing sira Muhammad ana ing bab pambageyan sedhekah (zakat). Mangka manawa dheweke iku padha diwenehi bageyan saka sedhekah iku padha seneng lega atine,

٥٨. وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّلْمِزُكَ فِي الصَّدَقٰتِ ۚ فَاِنْ اُعْطُوْا مِنْهَا رَضُوْا وَاِنْ لَّمْ يُعْطَوْا مِنْهَآ اِذَا هُمْ يَسْخَطُوْنَ ۝

463). **Cetha sanget bilih ingkang anjalari boten dipun tampi pidarma utawi amal punika tanpa ikhlas sabab dening anggenipun kafir.**

ananging yen ora diwenehi bageyan,[464] dheweke banjur padha muring-muring.

Wa minhum may yalmizuka fish shadaqaat, fa-in u'thuu minhaa radhuu wa-il lam yu'thau minhaa idzaa hum yaskhathuun.

59. Lan saupama wong-wong mau padha gelem nerima apa kang diparingake dening Allah lan UtusaNe, sarta padha ngucap: "Allah wus nyukupi ing kita Allah bakal paring ing kita saka kanugrahaNe, lan uga Utusane, kita kabeh dhemen ngajab-ajab marang PanjenengaNe Allah", (sanyata kang mangkono iku luwih becik tumrap dheweke!)

٥٩ - وَلَوْ أَنَّهُمْ رَضُوا مَا آتَاهُمُ اللَّهُ وَرَسُولُهُ وَقَالُوا حَسْبُنَا اللَّهُ سَيُؤْتِينَا اللَّهُ مِن فَضْلِهِ وَرَسُولُهُ إِنَّا إِلَى اللَّهِ رَاغِبُونَ ۝

Walau annahum radhuu maa aataahumullaahu warasuuluh, wa qaaluu hasbunallaahu sayu'tiinallaahu min fadhlihii warasuuluh, innaa ilallaahi raaghibuun.

Angger-angger pambageyane Zakat.

60. Sajatine Zakat (sedhekah) iku mung diwenehake marang para wong fakir, miskin, wong kang ngumpulake lan ngedum Zakat ('amil Zakat), wong kang dilelemes[465] atine marga mentas lumebu Islam, batur-tukon (kang bakal nebus kamardikaning awake kanthi bayar nicil), wong-wong kang duwe utang, kanggo ambiyantu ing agama dedalaning Allah, lan wong kang padha lelungan (kentekan sangu). Pambage kang mangkono iku tetep saka dhawuhing Allah. Dene Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.[466]

٦٠ - إِنَّمَا الصَّدَقَاتُ لِلْفُقَرَاءِ وَالْمَسَاكِينِ وَالْعَامِلِينَ عَلَيْهَا وَالْمُؤَلَّفَةِ قُلُوبُهُمْ وَفِي الرِّقَابِ وَالْغَارِمِينَ وَفِي سَبِيلِ اللَّهِ وَابْنِ السَّبِيلِ فَرِيضَةً مِّنَ اللَّهِ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ۝

Innamash shadaqaatu lilfuqaraa-i walmasaakiini wal'aamiliina 'alaihaa walmu'allafati quluubuhum wa firriqaabi wal ghaarimiina wa fii sabiilillaahi wabnissabiil, fariidhatam minallaah, wallaahu 'aliimun hakiim.

61. Lan sawenehe wong-wong munafiq ana kang nyerikake atine Nabi Muhammad, sarana pangucape: "Nabi Muhammad iku nu-

٦١ - وَمِنْهُمُ الَّذِينَ يُؤْذُونَ النَّبِيَّ وَيَقُولُونَ هُوَ أُذُنٌ قُلْ أُذُنُ خَيْرٍ لَّكُمْ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَيُؤْمِنُ لِلْمُؤْمِنِينَ

464). Boten kabageyan panduman zakat, sabab boten pantes utawi boten haq; sarta tiyang sanes ingkang langkung haq lan pantes taksih kathah!

465). Tetiyang muallaf punika ingkang kaajeng-ajeng badhe lumebet Islam, utawi nembe enggalan lumebet Islam.

466). Ingkang haq nampi Zakat punika: 1. Tiyang fakir, ingkang sangsara sanget, gesangipun boten pakra; boten bandha lan boten tenaga kangge ngagesang. 2. Tiyang miskin; ingkang senajan merdamel, nanging boten cekap kangge gesangipun, lan salebeting kacingkrangan. 3. Pengurus (panitia) Zakat, ingkang khusus dipun tugasaken anglempakaken lan ambage Zakat. 4. Muallaf, tiyang kafir ingkang wonten pangajeng-ajeng lumebet Islam, lan tiyang ingkang nembe lumebet Islam, sarta ingkang imanipun taksih ringkih. 5. Mardikakaken batur-tukon, kalebet ugi mardikakaken tiyang Islam ingkang dipun tawan-perang dening mengsah. 6. Tiyang ingkang utang, kangge kaperluan sanes maksiyat lan boten kiyat nyaur. Ugi tiyang utang saperlu kangge persatuan umat Islam punika kenging nampi zakat kangge nyaur utangipun, sanaosa piyambakipun kiyat bayar utangipun. 7. Sabilillah (Ing margining Allah), tiyang ingkang lelabuh ing Agamining Allah, lan saweneh Mufassirin anerangaken ugi kaperluan bangunan Mesjid, kangge griya sakit, sekolahan, Pondok pesantren, llsp. 8. Tiyang kekesahan katelasan sangu, ingkang boten maksiyat, sarta nembe kasekengan ing margi.

rutan 467) apa kang rinungu". Dhawuha sira Muhammad: "Hiya nurutan apa kang rinungu ana ing bab tindak becik tumrap sira, dheweke percaya marang Allah, lan marang para wong Mu'min, lan Nabi Muhammad iku dadi sih kawelasan, tumrap wong-wong kang padha gawe seriking atine UtusaNe Allah. Dheweke (wong munafik kang nyerikake) iku bakal kapatrapan siksa kang nglarani.

وَرَحْمَةٌ لِّلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْكُمْ ۚ وَالَّذِيْنَ يُؤْذُوْنَ رَسُوْلَ اللّٰهِ لَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Waminhumul ladziina yu'dzuunan nabiyya wa yaquuluuna huwa udzun, qul udzunu khairil lakum yu'minu billaahi wa yu'minu lil mu'miniina wa rahmatul lilladziina aamanuu minkum, walladziina yu'dzuuna rasuulallaahi lahum 'adzaabun aliim.

Pandakwane wong-wong munafik marang Nabi s.a.w.

62. Wong-wong munafik mau padha sumpah kalawan asmaning Allah tumrap sira kabeh, karepe gawe lega marang sira, sabenere iku kudu luwih gawe lega marang Allah lan UtusaNe, yen nyata dheweke iku padha iman.

٦٢- يَحْلِفُوْنَ بِاللّٰهِ لَكُمْ لِيُرْضُوْكُمْ ۚ وَاللّٰهُ وَرَسُوْلُهٗٓ اَحَقُّ اَنْ يُّرْضُوْهُ اِنْ كَانُوْا مُؤْمِنِيْنَ ۝

Yahlifuuna billaahi lakum liyurdhuukum wallaahu warasuuluhuu ahaqqu ay yurdhuuhu in kaanuu mu'miniin.

63. "Apa wong-wong munafik iku durung padha mangerti, sanyata dheweke iku sing padha ambantah marang Allah lan UtusaNe, wong kang mangkono mau bakal kapatrapan siksa naraka Jahanam, ana ing kono langgeng, tur kang mangkono mau kaasoran kang gedhe!"

٦٣- اَلَمْ يَعْلَمُوْٓا اَنَّهٗ مَنْ يُّحَادِدِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ فَاَنَّ لَهٗ نَارَ جَهَنَّمَ خَالِدًا فِيْهَا ۭ ذٰلِكَ الْخِزْيُ الْعَظِيْمُ ۝

Alam ya'lamuu annahuu may yuhaadidillaaha warasuulahuu fa-anna lahuu naara jahannama khaalidiina fiihaa, dzaalikal khizyul 'azhiim.

64. Wong-wong munafik iku padha kuwatir manawa diturunake marang dheweke surat kang anerangake barang kang sumimpen ana sajeroning atine wong-wong mau. Dhawuha sira Muhammad: "Lah terusna anggonira anggeguyu! Satemene Allah bakal nglahirake barang kang padha sira kuwatirake iku".

٦٤- يَحْذَرُ الْمُنٰفِقُوْنَ اَنْ تُنَزَّلَ عَلَيْهِمْ سُوْرَةٌ تُنَبِّئُهُمْ بِمَا فِيْ قُلُوْبِهِمْ ۭ قُلِ اسْتَهْزِءُوْا ۚ اِنَّ اللّٰهَ مُخْرِجٌ مَّا تَحْذَرُوْنَ ۝

Yahdzarul munaafiquuna an tunazzala 'alaihim suuratun tunabbi-uhum bimaa fii quluubihim, qulistahzi-uu, innallaaha mukhrijum maa tahdzaruun.

467). **Maksudipun pitados sadaya ingkang dipun midhangetaken.**

65. Lan manawa sira takon marang wong-wong mau, bab tumindake, yekti dheweke padha mangsuli: "Kita tumindak makaten wau namung kangge gegujengan kemawon". Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira kabeh padha nganggo geguyon marang Allah lan Ayat-Ayate, sarta UtusaNe?"

٦٥- وَلَئِن سَأَلْتَهُمْ لَيَقُولُنَّ إِنَّمَا كُنَّا نَخُوضُ وَنَلْعَبُ ۚ قُلْ أَبِاللَّهِ وَآيَاتِهِ وَرَسُولِهِ كُنتُمْ تَسْتَهْزِئُونَ ۝

Wala-in sa-altahum layaquulunna innamaa kunnaa nakhuudhu wa nal'ab, qul abillaahi wa aayaatihii wa rasuulihii kuntum tastahzi-uun.

66. Sira aja padha ngunjukake persabenira;[468] awit satemene sira iku wus padha kafir sawuse imanira.[469] Dhawuhing Allah: "Manawa Ingsun parin gpangapura sagolongan saka sira,[470] jalaran anggone tobat, sayekti Ingsun uga bakal nyiksa ing golongan kang weneh, jalaran dheweke iku tansah tumindak dosa kabeh".

٦٦- لَا تَعْتَذِرُوا قَدْ كَفَرْتُم بَعْدَ إِيمَانِكُمْ ۚ إِن نَّعْفُ عَن طَائِفَةٍ مِّنكُمْ نُعَذِّبْ طَائِفَةً بِأَنَّهُمْ كَانُوا مُجْرِمِينَ ۝

Laa ta'tadziruu qad kafartum ba'da iimaanikum, in na'fu 'an thaa-ifatim minkum nu'adzdzib thaa-ifatam bi-annahum kaanuu mujrimiin.

Aksi drengki-sreine wong munafik.

67. Wong-wong munafik lanang lan wadon iku saweneh marang sawenehe padha parentah laku mungkar, lan padha nyegah laku becik sarta padha nggegem tangane (kumet), malah-malah padha lali marang Allah. PanjenengaNe Allah uga supe marang dheweke, sanyata pancen wong-wong munafik iku padha dhaka.

٦٧- الْمُنَافِقُونَ وَالْمُنَافِقَاتُ بَعْضُهُم مِّن بَعْضٍ ۘ يَأْمُرُونَ بِالْمُنكَرِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمَعْرُوفِ وَيَقْبِضُونَ أَيْدِيَهُمْ ۚ نَسُوا اللَّهَ فَنَسِيَهُمْ ۚ إِنَّ الْمُنَافِقِينَ هُمُ الْفَاسِقُونَ ۝

Almunaafiquuna wal munaafiqaatu ba'dhuhum mim ba'dhiy ya'muruuna bilmunkari wa yanhauna 'anil ma'ruufi wa yaqbidhuuna aidiyahum, nasullaaha fanasiyahum, innal munaafiqiina humul faasiquun.

68. Allah wus anjanji marang wong-wong munafik lanang lan wadon, lan marang wong-wong kafir bakal njegurake menyang naraka Jahanam, ana ing kono bakal padha langgeng salawase, naraka iku nyukupi tumrap dheweke sarta Allah bakal paring bebendu, lan dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang tetep langgenge.

٦٨- وَعَدَ اللَّهُ الْمُنَافِقِينَ وَالْمُنَافِقَاتِ وَالْكُفَّارَ نَارَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا ۚ هِيَ حَسْبُهُمْ ۚ وَلَعَنَهُمُ اللَّهُ ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ مُّقِيمٌ ۝

Wa'adallaahul munaafiqiina wal munaafiqaati wal kuffaara naara jahannama khaalidiina fiihaa, hiya hasbuhum, wa la'anahumullaah, walahum 'adzaabum - muqiim.

468). Tegesipun, sampun ngantos anedahaken alasan perlua kangge nutupi kasalahanipun.

469). Maksudipun, sampun ngatingalaken kekafiranipun sasampunipun ngatingalaken kaimananipun.

470). Ing salebeting kaum munafikin, wonten ingkang saged dipun apunten, sebab purun tobat, dene ingkang awrat munafikipun boten saged dipun maafaken, sebab ngrisak katentreman.

٦٩- كَالَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ كَانُوٓا۟ أَشَدَّ مِنكُمْ قُوَّةً وَأَكْثَرَ أَمْوَٰلًا وَأَوْلَٰدًا ۚ فَٱسْتَمْتَعُوا۟ بِخَلَٰقِهِمْ فَٱسْتَمْتَعْتُم بِخَلَٰقِكُمْ كَمَا ٱسْتَمْتَعَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُم بِخَلَٰقِهِمْ وَخُضْتُمْ كَٱلَّذِى خَاضُوٓا۟ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ حَبِطَتْ أَعْمَٰلُهُمْ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ۝

69. Kaya dene wong-wong kang sadurungira biyen, kahanane luwih kuwat tinimbang sira kabeh, lan luwih akeh raja-branane sarta anak-anake, nuli dheweke mung tansah padha suka pari suka andrawina kalawan kasenengan donya, sira kabeh uga padha senengseneng sarana kasenengan donyanira kaya dene wong-wong kuna anggone wus padha suka-suka kasengsem donyane,[471] lan sira wus padha malebu ana ing bebatalan kaya dene wong-wong mau. Wong kang kaya mangkono iku lebur kabeh ngamal tumindake ana ing Donya lan Akherate, lan iya wong kang mangkono iku kang padha kapitunan.

Kalladziina min qablikum kaanuu asyadda minkum quwwataw wa aktsara amwaalaw wa aulaadaa, fastamta'uu bikhalaaqihim fastamta'tum bikhalaaqikum kamas tamta'al ladziina min qablikum bikhalaaqihim wa khudh-tum kalladzii khaadhuu, ulaa-ika habithat a'maaluhum fiddunyaa wal aakhirah, wa ulaa-ika humul khaasiruun.

٧٠- أَلَمْ يَأْتِهِمْ نَبَؤُا۟ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ قَوْمِ نُوحٍ وَعَادٍ وَثَمُودَ وَقَوْمِ إِبْرَٰهِيمَ وَأَصْحَٰبِ مَدْيَنَ وَٱلْمُؤْتَفِكَٰتِ ۚ أَتَتْهُمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ ۖ فَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيَظْلِمَهُمْ وَلَٰكِن كَانُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ۝

70. Apa dheweke iku durung padha mangerti caritane wong-wong kuna zaman biyen, kaya dene caritane kaum Nabi Nuh, 'Aad, Tsamud, lan kaume Nabi Ibrahim. Lan wong-wong kang padha manggon ana ing Negara Madiyan, lan Negarane kaume Nabi Luth? Wong-wong mau kabeh wus tau karawuhan UtusaNe Allah kanthi ngampil tandha yekti, nanging dheweke ora gelem padha percaya. Allah ora bakal nganiaya marang wong-wong mau, ananging dheweke kang padha nganiaya marang awake dhewe!

Alam ya'tihim naba-ul ladziina min qablihim qaumi nuuhiw wa 'aadiw wa tsamuuda wa qaumi ibraahiima wa ash-haabi madyana walmu'tafikaat, atathum rusuluhum bil bayyinaat, famaa kaanallaahu liyazhlimahum walaakin kaanuu anfusahum yazhlimuun.

Janjining Allah marang para Mu'min.

٧١- وَٱلْمُؤْمِنُونَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتُ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَآءُ بَعْضٍ ۚ يَأْمُرُونَ بِٱلْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ ٱلْمُنكَرِ وَيُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَيُؤْتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَيُطِيعُونَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥٓ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ سَيَرْحَمُهُمُ ٱللَّهُ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ۝

71. Ana dene para wong kang padha Mu'min priya lan wanita iku saweneh marang sawenehe padha sih sinihan, dheweke padha mrentah tumindak becik, lan padha nyegah laku ala, lan padha ngedegake Shalat sarta padha aweh Zakat, apa dene padha angestokake dhawuhing Allah lan UtusaNe. Wong kang mangkono iku bakal padha kaparingan sih rahmating Allah, sanyata Allah iku Maha Mulya sarta Maha Wicaksana.

471). **Tetiyang zaman rumiyin namung sami ropyan-ropyan andrawina kadonyan; sebab ngandelaken kakiyataning wadiyabala lan ekonomi, ngantos kasupen bobot anteping Agama, ing wasana masyarakat kebak polusi maksiyat, lampah sedheng, sarta tumindak nistha, lan nyepelekaken 'ibadah lan amal shaleh!** Makaten suraosing ayat no 69 lan no 70.

Walmu'minuuna walmu'minaatu ba'dhuhum auliyaa-u ba'dhin ya'muruuna bilma'ruufi wa yanhauna 'anil munkari wa yuqiimuunash shalaata wa yu'tuunaz zakaata wa yuthii'uunallaaha wa rasuulah, ulaa-ika sayarhamuhumullaah, innallaaha 'aziizun hakiim.

72. Allah wus nyawisake tumrap para wong Mu'min, priya lan wanita, kalawan Suwarga kang ing sangisore ana kaline mili sapirang-pirang, dheweke bakal padha langgeng ana ing kono salawas-lawase. lan bakal padha manggon ana ing papan-papan kang edi-peni, yaiku ana ing Suwarga 'Adnin, sarta entuk karidhan saka ngarsaning Allah iku luwih gedhe. Kang mangkono iku kabegjan kang agung. 472)

٧٢- وَعَدَ اللّٰهُ الْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنٰتِ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا وَمَسٰكِنَ طَيِّبَةً فِيْ جَنّٰتِ عَدْنٍ ۚ وَرِضْوَانٌ مِّنَ اللّٰهِ اَكْبَرُ ۚ ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

Wa'adallaahul mu'miniina wal mu'minaati jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa wa masaakina thayyibatan fii jannaati 'adn, wa ridhwaanum minallaahi akbar, dzaalika huwal fauzul 'azhiim.

Kudu sikep tegas marang wong kafir lan munafik.

73. He Nabi Muhammad! Sira merangana wong-wong kafir lan munafik, lan sira kudu gagah sikep tegas marang dheweke, lan papane wong-wong mau ana ing naraka Jahanam, yaiku ala-alaning panggonan bali.

٧٣- يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ جَاهِدِ الْكُفَّارَ وَالْمُنٰفِقِيْنَ وَاغْلُظْ عَلَيْهِمْ ۚ وَمَاْوٰىهُمْ جَهَنَّمُ ۚ وَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ۝

Yaa ayyuhan nabiyyu jaahidil kuffaara wal munaafiqiina waghluzh 'alaihim, wa ma'waahum jahannam, wa bi'sal mashiir.

74. Dheweke padha sumpah kalawan asmaning Allah ana ing barang kang diucapake. Sanyata dheweke iku wus padha ngucapake tembung kafir, lan padha kafir sawuse Islam, lan padha sumadya nindakake barang kang ora bakal bisa kelakon (mrajaya Nabi s.a.w.). Dheweke ora padha nyacad ing Allah lan UtusaNe, kajaba jalaran anggone Allah lan UtusaNe maringi kanugrahaNe marang wong-

٧٤- يَحْلِفُوْنَ بِاللّٰهِ مَا قَالُوْا ۗ وَلَقَدْ قَالُوْا كَلِمَةَ الْكُفْرِ وَكَفَرُوْا بَعْدَ اِسْلَامِهِمْ وَهَمُّوْا بِمَا لَمْ يَنَالُوْا ۚ وَمَا نَقَمُوْٓا اِلَّآ اَنْ اَغْنٰىهُمُ اللّٰهُ وَرَسُوْلُهٗ مِنْ فَضْلِهٖ ۚ فَاِنْ يَّتُوْبُوْا يَكُ خَيْرًا لَّهُمْ ۚ وَاِنْ يَّتَوَلَّوْا يُعَذِّبْهُمُ اللّٰهُ

472). Kabegjan agung inggih punika adil lan makmur ing Donya, sarta rahayu ing Akheratipun, manggen ing Suwarga, Jannatun na'im! Kados makaten janjining Allah s.w.t. dhumateng umat Mukminin. Dene ikhtiyar perjoanganipun, masyarakat kedah santosa ekonomi lan keamananipu ipun, kesehatan sarta pendidikan-pawiyatanipun, warganipun sami rumaket anggenipun pasedherekan, ingkang kiyat lan sugih tetulung dhateng ingkang ringkih lan mlarat (Zakat). Papan pangibadah rinten-dalu gayeng, tiyang nenuwun lan anjunjung ing Allah piyambak (Sholat, dzikir, i'tikaf lan da'wah). Ingkang pinter sarta angasta panguwaos sami adil paramarta, berbudi bawalaksana, manawi menang boten ngasoraken, dene manawi nglurug persasat tanpa bala. Makaten sawatawis illustrasi kawontenan struktur politik Negari utawi masyarakat ingkang kakersakaken dening Allah kados ing ayat no 71 lan no 72. Wallahu'alam!

wong Mu'min.[473] Dene sakirane dheweke iku padha gelem tobat, iku luwih becik tumrap dheweke, ananging manawa padha mlengos, PanjenengaNe Allah bakal nyiksa marang dheweke, sarana siksa kang nglarani ana ing Donya lan Akherat, lan ana ing Bumi ora bakal ana wong kang ngayomi lan nulungi marang dheweke.

عَذَابًا أَلِيمًا فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ ۚ وَمَا لَهُمْ فِي الْأَرْضِ مِن وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ۝

Yahlifuuna billaahi maa qaaluu, wa laqad qaaluu kalimatal kufri wa kafaruu ba'da islaamihim wahammuu bimaa lam yanaaluu, wamaa naqamuu illaa an aghnaahumullaahu warasuuluhuu min fadhlih, fa-in yatuubuu yaku khairal lahum, wa-in yatawallau yu'adzdzibhumullaahu 'adzaaban aliiman fiddunyaa wal aakhirah, wamaa lahum fil ardhi miw waliyyiw walaa nashiir.

Wong munafik manawa ikrar ora kena dipercaya.

75. Lan sawenehe wong-wong mau ana kang nyanggemi marang Allah: "Manawi Allah karsa paring kanugrahan dhateng kita, yektos kita badhe sedhekah tuwin badhe dados golonganipun tiyang-tiyang ingkang sami saleh".

٧٥. وَمِنْهُم مَّنْ عَاهَدَ اللَّهَ لَئِنْ آتَانَا مِن فَضْلِهِ لَنَصَّدَّقَنَّ وَلَنَكُونَنَّ مِنَ الصَّالِحِينَ ۝

Wa minhum man 'aahadallaaha la-in aataanaa min fadhlihii lanashshaddaqanna wa lanakuunanna minash shaalihiin.

76. Ananging bareng Allah wus paring kanugrahan temenan marang dheweke, wong-wong mau banjur padha kumet, lan padha mlengos, pancen wong-wong mau padha ngungkiri ing sesanggemane.

٧٦. فَلَمَّا آتَاهُم مِّن فَضْلِهِ بَخِلُوا بِهِ وَتَوَلَّوا وَّهُم مُّعْرِضُونَ ۝

Falammaa aataahum min fadhlihii bakhiluu bihii watawallau wahum mu'ridhuun.

77. Jalaran saka iku Allah andadekake kamunafikan ana ing atine wong-wong mau, nganti tumeka dina sowane wong-wong mau ana ing ngarsaning Allah, sabab saka anggone wus padha nyidrani ing Allah apa kang wus dijanjekake, lan uga sabab anggone padha goroh.

٧٧. فَأَعْقَبَهُمْ نِفَاقًا فِي قُلُوبِهِمْ إِلَىٰ يَوْمِ يَلْقَوْنَهُ بِمَا أَخْلَفُوا اللَّهَ مَا وَعَدُوهُ وَبِمَا كَانُوا يَكْذِبُونَ ۝

Fa-a'qabahum nifaaqan fii quluubihim ilaa yaumi yalqaunahuu bimaa akhlafullaaha maa wa'aduuhu wa bimaa kaanuu yakdzibuun.

78. Apa dheweke durung padha mangerti manawa Allah iku ngawuningani wewadi kang padha diumpetake, lan bebisik kang padha digunem dening wong-wong mau, lan sanyata Allah iku kang Maha Ngawuningani barang ghaib.

٧٨. أَلَمْ يَعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ سِرَّهُمْ وَنَجْوَاهُمْ وَأَنَّ اللَّهَ عَلَّامُ الْغُيُوبِ ۝

Alam ya'lamuu annallaaha ya'lamu sirrahum wa najwaahum wa annallaaha 'allaamul ghuyuub.

473). **Manawi Allah lan Rasulullah s.a.w. maringi umat Islam kanugrahan (kamenangan lan kamulyan) tetiyang kafir lan munafik sami drengki panasten, gething dhateng Allah ingkang peparing, satemah lajeng damel gendra ing masyarakat; pramila kedah dipun adhepi sarana tegas lan gagah, kados kasebat ing ayat no 73 lan no 74.**

79. Wong-wong munafik kang padha anggeguyu marang wong-wong Mu'min kang tansah andherek dhawuhing Nabi anggone sedhekah, lan nyacad wong kang ora kuwasa sedhekah kajaba sakadar kekuwatane, mangka wong munafik mau padha ngremehake wong Mu'min, 474) Allah bakal males anggegujeng marang wong munafik mau, sarta dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang nglarani.

٧٩- اَلَّذِيْنَ يَلْمِزُوْنَ الْمُطَّوِّعِيْنَ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ فِى الصَّدَقٰتِ وَالَّذِيْنَ لَا يَجِدُوْنَ اِلَّا جُهْدَهُمْ فَيَسْخَرُوْنَ مِنْهُمْ سَخِرَ اللّٰهُ مِنْهُمْ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Alladziina yalmizuunal muththawwi'iina minal mu'miniina fish shadaqaati walladziina laa yajiduuna illaa juhdahum fayaskharuuna minhum, sakhirallaahu minhum wa lahum 'adzaabun aliim.

80. Wong-wong kang mangkono mau padha sira suwunake pangapura, utawa ora padha sira suwunake, sanajan anggonira nyuwunake pangapura nganti kaping pitungpuluh ambalan, PanjenengaNe Allah ora pisan-pisan karsa paring pangapura marang dheweke. Kang mangkono iku jalaran sanyata dheweke iku kafir ing Allah lan UtusaNe, dene Allah iku ora karsa anuduhake wong-wong kang padha duraka.

٨٠- اِسْتَغْفِرْ لَهُمْ اَوْ لَا تَسْتَغْفِرْ لَهُمْ اِنْ تَسْتَغْفِرْ لَهُمْ سَبْعِيْنَ مَرَّةً فَلَنْ يَّغْفِرَ اللّٰهُ لَهُمْ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ كَفَرُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِى الْقَوْمَ الْفٰسِقِيْنَ ۝

Istaghfir lahum au laa tastaghfir lahum, in tastaghfir lahum sab'iina marratan falay yaghfirallaahu lahum, dzaalika biannahum kafaruu billaahi warasuulih, wallaahu laa yahdil qaumal faasiqiin.

81. Padha rumangsa lega wong-wong kang padha kari ana ing omahe, ora padha andherek perang Tabuk karo UtusaNe Allah, sarta dheweke padha gething manawa nglabuhake bandha lan ragane kanggo ambelani Agamaning Allah, kanthi padha ngucap: "Sira kabeh aja padha melu budhal perang ana ing mangsa panas". Dhawuha sira Muhammad: "Genine naraka Jahanam iku luwih dening panas, manawa dheweke iku padha mangerti".

٨١- فَرِحَ الْمُخَلَّفُوْنَ بِمَقْعَدِهِمْ خِلٰفَ رَسُوْلِ اللّٰهِ وَكَرِهُوْٓا اَنْ يُّجَاهِدُوْا بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ فِىْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَقَالُوْا لَا تَنْفِرُوْا فِى الْحَرِّ ۗ قُلْ نَارُ جَهَنَّمَ اَشَدُّ حَرًّا ۗ لَوْ كَانُوْا يَفْقَهُوْنَ ۝

Farihal mukhallafuuna bimaq'adihim khilaafa rasuulillaahi wa karihuu ay yujaahiduu bi-amwaalihim wa anfusihim fii sabiilillaahi wa qaaluu laa tanfiruu fil harr, qul naaru jahannama asyaddu harran, lau kaanuu yafqahuun.

82. Mula supaya dheweke anggone padha angguyu sathithik, lan anggone nangis kang akeh, minangka piwalese laku kang padha ditindakake.

٨٢- فَلْيَضْحَكُوْا قَلِيْلًا وَّلْيَبْكُوْا كَثِيْرًا ۚ جَزَآءًۢ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ۝

Falyadh-hakuu qaliilaw wal yabkuu katsiiraa, jazaa-am bimaa kaanuu yaksibuun.

474). Tetiyang munafik tansah damel kisruh lan mecah belah persatuan umat, kadosta ing satunggaling wekdal Rasulullah s.a.w. anglempakaken kekiyatan wadyabala, kakirangan arta lan perlengkapan; umatipun ingkang sugih pidarma kathah, tiyang munafik nacad: "Punika pamer, umuk-umukan!"; manawi umat ingkang ringkih saking dene kepengin pahala, derma sakedhik, ugi dipun poyoki: "Derma kok sadumil, persasat boten derma!"

83. Manawa Allah ngulihake ing sira Muhammad marang golongane[475] wong-wong mau, mangka yen wong-wong munafik iku padha nembung ing sira: arep padha andherek metoni perang karo sira, mangka sira dhawuha: "Ora susah sira padha ndherek metoni perang karo aku salawase, lan wis ora perlu melu aku numpes mungsuh, jalaran satemene sira wus padha marem lelungguhan ora andherek perang wiwit sapisanan, mula becik sira padha lungguha wae karo wong-wong kang padha thenguk-thenguk kae".

٨٣ - فَإِنْ رَّجَعَكَ اللّٰهُ إِلٰى طَآئِفَةٍ مِّنْهُمْ فَاسْتَأْذَنُوْكَ
لِلْخُرُوْجِ فَقُلْ لَّنْ تَخْرُجُوْا مَعِيَ اَبَدًا وَّلَنْ تُقَاتِلُوْا
مَعِيَ عَدُوًّا ۭ اِنَّكُمْ رَضِيْتُمْ بِالْقُعُوْدِ اَوَّلَ مَرَّةٍ
فَاقْعُدُوْا مَعَ الْخٰلِفِيْنَ ٥

Fa-ir raja'akallaahu ilaa thaa-ifatim minhum fasta'dzanuuka lilkhuruuji faqul lan takhrujuu ma'iya abadaw walan tuqaatiluu ma'iya 'aduwwaa, innakum radhiitum bil qu'uudi awwala marratin faq-'uduu ma'al khaalifiin.

84. He Muhammad, sira aja nganti Nyalatake salah sawijine, wong kang mati saka dheweke salawase, lan sira aja nganti ngadeg ana ing kuburane.[476] Jalaran dheweke wus padha kafir ing Allah lan UtusaNe, lan padha mati isih tetep ana ing sajeroning kafasekan.

٨٤ - وَلَا تُصَلِّ عَلٰٓى اَحَدٍ مِّنْهُمْ مَّاتَ اَبَدًا وَّلَا تَقُمْ
عَلٰي قَبْرِهٖ ۭ اِنَّهُمْ كَفَرُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَمَاتُوْا وَ
هُمْ فٰسِقُوْنَ ٥

Walaa tushalli 'alaa ahadim minhum maata abadaw walaa taqum 'alaa qabrih, innahum kafaruu billaahi warasuulihii wamaa tuu wahum faasiquun.

85. He Muhammad, aja nganti anggumunake ing sira: raja branane, lan anak-anake wong-wong mau, sajatine Allah karsa nyiksa marang dheweke kalawan bandhane iku ana ing Donya, dheweke supaya padha mati sajerone isih padha kafir.

٨٥ - وَلَا تُعْجِبْكَ اَمْوَالُهُمْ وَاَوْلَادُهُمْ ۭ اِنَّمَا يُرِيْدُ
اللّٰهُ اَنْ يُّعَذِّبَهُمْ بِهَا فِي الدُّنْيَا وَتَزْهَقَ اَنْفُسُهُمْ
وَهُمْ كٰفِرُوْنَ ٥

Walaa tu'jibka amwaaluhum wa aulaaduhum, innamaa yuriidullaahu ay yu-'adzdzibahum bihaa fid-dunyaa wa tazhaqa anfusuhum wahum kaafiruun.

Ganjarane wong kang jihad (perang).

86. Lan manawa diturunake sawijining surat kang mrentahake marang wong munafik mau: "Sira padha imana ing Allah, lan padha peranga andherek karo UtusaNe Allah, mangka sawenehe wong-wong kang padha anduweni kamulyan padha nyuwun pamit ing sira, ature: "Dhuh Gusti Nabi, kula aturi nilar kemawon kita punika, kita trimah kantun kaliyan tiyang-tiyang ingkang sami lelenggahan".[477]

٨٦ - وَاِذَآ اُنْزِلَتْ سُوْرَةٌ اَنْ اٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَجَاهِدُوْا مَعَ
رَسُوْلِهِ اسْتَاْذَنَكَ اُولُوا الطَّوْلِ مِنْهُمْ وَقَالُوْا ذَرْنَا
نَكُنْ مَّعَ الْقٰعِدِيْنَ ٥

Wa-idzaa unzilat suuratun an aaminuu billaahi wa jaahiduu ma'a rasuulihis ta'dzanaka uluth thauli minhum wa qaaluu dzarnaa nakum ma'al qaa'idiin.

475). Inggih punika umat Islam mantuk ing Madinah, lan ambekta kamenangan, tetiyang munafik lajeng gita-gita badhe dherek berjoang perang. Nyatanipun namung lelamisan, sanes wekdal yen wonten persiapan milisi ing masyarakat, sami persaben!

476). Tegesipun boten do'akaken.

477). Maksudipun persaben boten andherek perang labuh agamining Allah.

87. Wong-wong mau wus padha marem dadi golongane wong-wong kang padha kari,[478] lan ati-atine wus diecap, satemah dheweke ora padha mangerti.

٨٧ - رَضُوْا بِاَنْ يَّكُوْنُوْا مَعَ الْخَوَالِفِ وَطُبِعَ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ فَهُمْ لَا يَفْقَهُوْنَ ۝

Radhuu bi-ay yakuunuu ma'al khawaalifi wa thubi'a 'alaa quluubihim fahum laa yafqahuun.

88. Ananging sanajan mangkono, Rasulullah sarta wong-wong kang padha iman tetep padha labuh bandha lan jiwa ragane, wong kang padha kaya mangkono mau bakal padha kaparingan kabecikan, sarta wong-wong mau padha begja.

٨٨ - لٰكِنِ الرَّسُوْلُ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَعَهٗ جٰهَدُوْا بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ ۚ وَاُولٰٓئِكَ لَهُمُ الْخَيْرٰتُ ۚ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

Laakinir rasuulu walladziina aamanuu ma'ahuu jaahaduu bi-amwaalihim wa anfusihim, wa ulaa-ika lahumul khairaatu wa ulaa-ika humul muflihuun.

89. Allah wus anyadhiyakake Suwarga kanggo wong-wong mau, kang ngisore ana kaline pirang-pirang padha mili, ana ing kono bakal padha langgeng, hiya kang mangkono iku kabegjan kang agung.

٨٩ - اَعَدَّ اللّٰهُ لَهُمْ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۭ ذٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

A'addallaahu lahum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa, dzaalikal fauzul 'azhiim.

Pancen dhasare wong munafik iku emoh perang (jihad).

90. Lan wus sowan ing ngarsaning Nabi wong-wong perdesan kang perlu padha nyuwun idin (alangan), supaya dheweke kaparingan palilah, ora andherek perang, lan wong-wong kang padha anggorohake ing Allah lan UtusaNe mung padha lungguh ana ing omahe. Wong-wong kafir saka wong-wong mau bakal kasiksa kalawan siksa kang nglarani.

٩٠ - وَجَآءَ الْمُعَذِّرُوْنَ مِنَ الْاَعْرَابِ لِيُؤْذَنَ لَهُمْ وَقَعَدَ الَّذِيْنَ كَذَبُوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ ۭ سَيُصِيْبُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Wa jaa-al mu'adzdziruuna minal a'raabi liyu'dzana lahum wa qa'adal ladziina kadzabullaaha wa rasuulah, sayushiibul ladziina kafaruu minhum 'adzaabun aliim.

478). Menggahing pranatan syari'at Islam, ingkang boten wajib milisi utawi ndherek peperangan punika lare, tiyang estri, lan tiyang ingkang boten kiyat badanipun (jempo, sampun sepuh - ringkih). Dipun terangaken tambah gamblang ing ayat no. 91 lan no. 92, bilih sadaya pranatan Agami punika boten meksa, sabab angengeti satunggal-satunggalipun tiyang punika pribadinipun boten sami kekiyatanipun; wonten ingkang kiyat bandha, boten kiyat badan (raga), wonten malih kiyat raga, boten kiyat bandha, wonten ugi bandha lan raga boten kiyat sadaya. Sanes malih ing zaman Pamarentahan modern, wadyabala punika dipun latih, lan dipun wragadi sarta malah nampi salaris lan perlengkapan uba-rampe, dalah abrag-abrag tehnologi modern. Pramila syari'at Islam ugi ewah pranatan-pranatanipun ing bab administrasi kaamanan lan pertahanan Negari.

Tengadur kang dibenerake dening syari'at Islam.

91. Tumrap wong kang apes, lara, lan sakabehe wong kang ora padha anduweni waragad, ora dosa, jalaran ora andherek perang, sauga dheweke iku padha angestokake marang Allah lan UtusaNe. Lan ora ana dalan kanggo alasan nyalahake marang wong-wong kang padha tumindak becik, jalaran Allah Allah iku Maha Ngapura sarta Maha Asih.

٩١- لَيْسَ عَلَى الضُّعَفَآءِ وَلَا عَلَى الْمَرْضٰى وَلَا عَلَى
الَّذِيْنَ لَا يَجِدُوْنَ مَا يُنْفِقُوْنَ حَرَجٌ اِذَا نَصَحُوْا
لِلّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ مَا عَلَى الْمُحْسِنِيْنَ مِنْ سَبِيْلٍ وَ
اللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Laisa 'aladh dhu'afaa-i walaa 'alal mardhaa walaa 'alal ladziina laa yajiduuna maa yunfiquuna harajun idzaa nashahuu lillaahi warasuulih, maa 'alal muhsiniina min sabiil, wallaahu ghafuurur rahiim.

92. Lan maneh uga ora dosa, tumrap wong-wong kang padha sowan sira Muhammad, maksude padha nyuwun supaya sira kang nanggung waragade wong-wong mau ana ing sajeroning peperangan. Sira dhawuh: "Aku iki ora anduweni barang kang dak wenehake marang sira kabeh". Dheweke banjur padha mundur, mripate ngembeng eluh jalaran sedhih, anggone ora padha duwe waragad kanggo perang.

٩٢- وَلَا عَلَى الَّذِيْنَ اِذَا مَآ اَتَوْكَ لِتَحْمِلَهُمْ قُلْتَ لَآ
اَجِدُ مَآ اَحْمِلُكُمْ عَلَيْهِ تَوَلَّوْا وَّاَعْيُنُهُمْ تَفِيْضُ مِنَ
الدَّمْعِ حَزَنًا اَلَّا يَجِدُوْا مَا يُنْفِقُوْنَ ۝

Walaa 'alal ladziina idzaa maa atauka litahmilahum qulta laa ajidu maa ahmilukum 'alaiih, tawallau wa a'yunuhum tafiidhu minad dam'i hazanan allaa yajiduu maa yunfiquun.

93. Sajatine dalan kang anjalari dosa iku mung tumrap wong-wong kang padha nyuwun pamit ing sira, kang mangka satemene dheweke iku sugih, nanging padha marem milih kari ana ngomah thenguk-thenguk karo wong-wong kang padha kari.[479] Allah wus ngecap ing atine wong-wong mau, nganti dheweke ora padha mangerti.

٩٣- اِنَّمَا السَّبِيْلُ عَلَى الَّذِيْنَ يَسْتَاْذِنُوْنَكَ وَهُمْ
اَغْنِيَآءُ ۚ رَضُوْا بِاَنْ يَّكُوْنُوْا مَعَ الْخَوَالِفِ ۙ وَطَبَعَ
اللّٰهُ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ فَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Innamas sabiilu 'alal ladziina yasta'dzinuu naka wahum aghniyaa', radhuu bi-ay yakuunuu ma'al khawaalifi wa thaba'allaahu 'alaa quluubihim fahum laa ya'lamuun.

JUZ 11

94. Manawa sira Muhammad wus bali saka peperangan, wong-wong munafik padha wadul nyaritakake rupa-rupa alasane tengadure nggone ora melu perang sarta anggorohi ing

٩٤- يَعْتَذِرُوْنَ اِلَيْكُمْ اِذَا رَجَعْتُمْ اِلَيْهِمْ ۭ قُلْ
لَّا تَعْتَذِرُوْا لَنْ نُّؤْمِنَ لَكُمْ قَدْ نَبَّاَنَا اللّٰهُ مِنْ

479). Kados ingkang sampun katerangaken ing ayat no. 87.

sira. Jalaran saka iku sira Muhammad, dhawuha: "Kowe aja padha wadul nyaritakake alasan tengadur warna-warna, aku ora bakal percaya marang kowe, jalaran Allah wus paring warta marang aku saka munafikmu, sarta Allah lan UtusaNe bakal ngawuningani 'amalira kabeh, sira banjur disowanake marang Pangeran kang ngawuningani perkara ghaib, lan kenyatahan. PanjenengaNe tumuli anjlentrehake marang sira sakabehing perkara kang sira tindakake".

أَخْبَارِكُمْ وَسَيَرَى اللَّهُ عَمَلَكُمْ وَرَسُولُهُ ثُمَّ تُرَدُّونَ
إِلَىٰ عَالِمِ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ
تَعْمَلُونَ ۝

Ya'tadziruuna ilaikum idzaa raja'tum ilaihim, qul laa ta'tadziruu lan nu'mina lakum qad nabba-anallaahu min akhbaarikum, wa sayarallaahu 'amalakum wa rasuuluh, tsumma turadduuna ilaa 'aalimil ghaibi wasy-syahaadati fayunabbiukum bimaa kuntum ta'maluun.

95. Manawa sira wus bali saka perang, wong-wong munafik kang ora melu perang bakal sumpah marang sira Muhammad: "Demi Allah", karepe supaya sira ninggal wong-wong mau. Mula saka iku ujanen bahe wong-wong mau, jalaran satemene wong-wong mau jember, lan panggonane bali ana ing nraka Jahanam, minangka piwalese kabeh perkara kang padha ditindakake.

٩٥. سَيَحْلِفُونَ بِاللَّهِ لَكُمْ إِذَا انْقَلَبْتُمْ إِلَيْهِمْ لِتُعْرِضُوا
عَنْهُمْ فَأَعْرِضُوا عَنْهُمْ إِنَّهُمْ رِجْسٌ وَمَأْوَاهُمْ
جَهَنَّمُ جَزَاءً بِمَا كَانُوا يَكْسِبُونَ ۝

Sayahlifuuna billaahi lakum idzan qalabtum ilaihim litu'ridhuu 'anhum, fa a'ridh 'anhum, innahum rijsuw wamaa hum jahannam, jazaa-am bimaa kaanuu yaksibuun.

96. Dheweke bakal padha sumpah marang sira, karepe mono supaya sira lega dhemen marang dheweke. Manawa sira lega dhemen marang dheweke, sanyata Allah ora ridla rena marang wong-wong kang padha fasek (duraka).

٩٦. يَحْلِفُونَ لَكُمْ لِتَرْضَوْا عَنْهُمْ فَإِنْ تَرْضَوْا عَنْهُمْ
فَإِنَّ اللَّهَ لَا يَرْضَىٰ عَنِ الْقَوْمِ الْفَاسِقِينَ ۝

Yahlifuuna lakum litardhau 'anhum, fa-in tardhau 'anhum fa-innallaaha laa yardhaa 'anil qaumil faasiqiin.

97. Wong-wong Baduwi, Arab pegunungan, iku luwih banget kafire lan munafeke, lan uga luwih patut yen ora mangerti marang wates-watesing perkara kang diturunake dening Allah marang UtusaNe. Dene Allah iku Maha Ngawuningani tur Maha Wicaksana.

٩٧. الْأَعْرَابُ أَشَدُّ كُفْرًا وَنِفَاقًا وَأَجْدَرُ أَلَّا يَعْلَمُوا
حُدُودَ مَا أَنْزَلَ اللَّهُ عَلَىٰ رَسُولِهِ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ۝

Al a'raabu asyaddu kufraw wa nifaaqaw wa ajdaru allaa ya'lamuu huduuda maa anzalallaahu 'alaa rasuulih, wallaahu 'aliimun hakiim.

98. Lan sawenehe wong Arab-Baduwi, [480] ana kang nganggep yen barang kang digunakake kanggo perang Sabilillah iku sawijining kapitunan, lan dheweke ngenteni tumibaning giliran bebaya marang sira, yaiku rusak lan

٩٨. وَمِنَ الْأَعْرَابِ مَنْ يَتَّخِذُ مَا يُنْفِقُ مَغْرَمًا وَيَتَرَبَّصُ
بِكُمُ الدَّوَائِرَ عَلَيْهِمْ دَائِرَةُ السَّوْءِ وَاللَّهُ سَمِيعٌ
عَلِيمٌ ۝

480). Inggih punika tetiyang Arab ingkang manggen ing seganten wedhi lan pindhah-pindhah (tansah lelana), watakipun brangasan, nanging sahenipun mulyake tamu.

dipateni, tumiba marang dheweke. Nanging giliraning zaman kang nandhang warna-warna bebaya. Dene Allah iku Maha Miyarsa lan Maha Ngawuningani.

Wa minal a'raabi may yattakhidzu maa yunfiqu maghramaw wa yatarabbashu bikumud dawaa-ir, 'alaihim daa-iratus sauu', wallaahu samii'un 'aliim.

٩٩. وَمِنَ الْأَعْرَابِ مَنْ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَيَتَّخِذُ مَا يُنْفِقُ قُرُبَاتٍ عِنْدَ اللَّهِ وَصَلَوَاتِ الرَّسُولِ أَلَا إِنَّهَا قُرْبَةٌ لَهُمْ سَيُدْخِلُهُمُ اللَّهُ فِي رَحْمَتِهِ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ

99. Lan sawenehe wong Arab Baduwi, ana wong kang iman marang Allah, lan dina Akhir, lan barang kang ditanjakake ana ing perang Sabilillah, dianggep dadi sabab kang anyedhakake marang Allah, lan dheweke padha seneng marang do'ane Rasulullah tumrap wong kang padha sedhekah, elinga! Satemene kabeh barang kang ditanjakake ana ing dedalaning Allah iku dadi sabab kang nyedhakake dheweke marang Allah. Allah bakal nglebokake wong-wong mau ana ing rakhmate, sanyata Allah iku Maha Ngapura tur Maha Asih.

Wa minal a'raabi may yu'minu billaahi wal yaumil aakhiri wa yattakhidzu maa yunfiqu qurubaatin 'indallaahi wa shalawaatir rasuul, alaa innahaa qurbatul lahum, sayudkhiluhumul laahu fii rahmatih, innallaaha ghafuurur rahiim.

١٠٠. وَالسَّابِقُونَ الْأَوَّلُونَ مِنَ الْمُهَاجِرِينَ وَالْأَنْصَارِ وَالَّذِينَ اتَّبَعُوهُمْ بِإِحْسَانٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا عَنْهُ وَأَعَدَّ لَهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي تَحْتَهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا أَبَدًا ذَٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ

100. Lan wong-wong kang luwih dhisik, tur kang wiwitan mlebu Islam, saka para sahabat Muhajirin lan sahabat Anshor, sarta wong kang ngleluri dheweke ing tindak becik, yekti Allah rena marang wong-wong mau, lan wong-wong mau uga padha lega marang PanjenengaNe, sarta PanjenengaNe nyadhiyakake Suwarga tumrap wong-wong mau kang ing sangisore ana kaline pirang-pirang padha mili, sarta tetep ana ing kono salawase, kang mangkono iku kabegjan kang agung.

Wassaabiquunal awwaluuna minal muhaajiriina wal anshaari walladziinat taba'uuhum bi-ihsaanir radhiyallaahu 'anhum wa radhuu 'anhu wa a'adda lahum jannaatin tajrii tahtahal anhaaru khaalidiina fiihaa abadaa, dzaalikal fauzul 'azhiim.

١٠١. وَمِمَّنْ حَوْلَكُمْ مِنَ الْأَعْرَابِ مُنَافِقُونَ وَمِنْ أَهْلِ الْمَدِينَةِ مَرَدُوا عَلَى النِّفَاقِ لَا تَعْلَمُهُمْ نَحْنُ نَعْلَمُهُمْ سَنُعَذِّبُهُمْ مَرَّتَيْنِ ثُمَّ يُرَدُّونَ إِلَىٰ عَذَابٍ عَظِيمٍ

101. Lan sawenehe wong Arab Baduwi kang manggon ana ing sakiwa tengenira[481] uga ana kang munafik, lan sawenehe wong Madinah uga ana kang tetep ana ing kamunafikan, kang sira Muhammad ora mangerti [illegible] rang dheweke, nanging Ingsun uninga marang dheweke. Ingsun bakal nyiksa marang dheweke kaping pindho, ana ing Donya, lan dheweke banjur dibalekake marang siksa kang abot banget ing Akherat.

Wa mimman haulakum minal a'raabi munaafiquun, wamin ahlil madiinah, maraduu 'alan nifaaq, laa ta'lamuhum, nahnu na'lamuhum, sanu'adzdzibuhum marrataini tsumma yuradduuna ilaa 'adzaabin 'azhiim.

481). Inggih punika tetiyang Badui ing sakiwa-tengenipun Madinah.

102. Lan liyane ana maneh wong-wong kang wus padha ngaku dosa-dosane, dheweke padha nyampur-adhuk tindak becik karo laku ala, muga-muga Allah karsa nampa tobate wong-wong mau, jalaran satemene Allah iku Maha Ngapura tur Maha Asih.

١٠٢. وَاٰخَرُوْنَ اعْتَرَفُوْا بِذُنُوْبِهِمْ خَلَطُوْا عَمَلًا صَالِحًا وَّاٰخَرَ سَيِّئًا ۗ عَسَى اللّٰهُ اَنْ يَّتُوْبَ عَلَيْهِمْ ۗ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Wa aakharuuna' tarafuu bidzunuubihim khalathuu 'amalan shaalihaw wa aakhara sayyi-aa, 'asallaahu ay yatuuba 'alaihim, innallaaha ghafuurur rahiim.

Panguwasa kang kawogan, uga wajib nglumpukake lan ambage Zakat.

103. Anjupuka saka bandhane wong-wong kang minangka sadaqah (Zakat) kanggo ngresiki lan nyucekake ing[482] dheweke, lan ndongakna kanggo dheweke,*) jalaran anggonira ando'a-ake iku andadekake katentremaning jiwa ragane tumraping dheweke. Lan Allah iku Maha Midhanget tur Maha Ngawuningani.

١٠٣. خُذْ مِنْ اَمْوَالِهِمْ صَدَقَةً تُطَهِّرُهُمْ وَتُزَكِّيْهِمْ بِهَا وَصَلِّ عَلَيْهِمْ ۗ اِنَّ صَلٰوتَكَ سَكَنٌ لَّهُمْ ۗ وَاللّٰهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

Khudz min amwaalihim shadaqatan tuthahhiruhum wa tuzakkiihim bihaa wa shalli 'alaihim, inna shalaataka sakanul lahum, wallaahu samii'un 'aliim.

104. Apa dheweke iku durung padha mangerti manawa satemene Allah iku kang nampa tobat saka para kawulaNe, sarta PanjenengaNe iku kang mundhut sadaqah-sadaqah, lan PanjenengaNe Allah iku Pangeran kang Maha nampa tobat tur Maha Asih?

١٠٤. اَلَمْ يَعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ هُوَ يَقْبَلُ التَّوْبَةَ عَنْ عِبَادِهٖ وَيَاْخُذُ الصَّدَقٰتِ وَاَنَّ اللّٰهَ هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيْمُ ۝

Alam ya'lamuu annallaaha huwa yaqbalut taubata 'an 'ibaadihii wa ya'khudzush shadaqaati wa annallaaha huwat tawwaabur rahiim.

105. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha 'amal tumandanga ing gawe, mangka Allah lan UtusaNe sarta wong-wong kang padha iman, bakal sumurup uwohing tindakira, lan sira bakal padha dibalekake, sowan ana ngarsaning Pangeran kang ngawuningani barang ghaib, lan kang kaseksen. Tumuli PanjenengaNe anjlentrehake marang sira kabeh saka barang kang padha sira tindakake.

١٠٥. وَقُلِ اعْمَلُوْا فَسَيَرَى اللّٰهُ عَمَلَكُمْ وَرَسُوْلُهٗ وَالْمُؤْمِنُوْنَ ۗ وَسَتُرَدُّوْنَ اِلٰى عٰلِمِ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Wa quli'maluu fasayarallaahu 'amalakum warasuuluhuu wal mu'minuun, wa saturadduuna ilaa 'aalimil ghaibi wasy-syahaadati fayunabbi-ukum bimaa kuntum ta'maluun.

---

482). Maksudipun ibadah Zakat utawi Sedhekah punika ngresiki watakipun manungsa saking bathil, lan nuwuhaken tresna dhumateng tiyang kacingkrangan gesangipun salajengipun sifat remen dedana Zakat punika nyuburaken sifat amal-saleh sarta ngrebdaken bandha-kaskaya ingkang dipun zakati, sarta Allah S.W.T. karsa paring lelintu Berkah lan Ganjaran ingkang agung. Dene ingkang wewenang mendhet, lan ambage Zakat punika Panitya utawi Panguwaos ingkang kawogan, ingkang fungsinipun dados 'Amil Zakat. Saweneh Jumhur ahli Tafsir kagungan pemanggih bilih Zakat ingkang dipun bage punika boten namung konsumtif (lajeng teias), anangıng ugi Produktif tegesipun kabage awujud menda, supados dipun ternakaken!

*). Menggah do'anipun nampi Zakat utawi Sidqah wau makaten: "Aa jarakallahu fii-maa a'thaita wa baaraka laka fii - maa abqaika waja'alahu laka thahuuran", ingkang Jawenipun: "Mugi-mugi Allah paring ganjaran marang sira tumrape pawewehira, sarta paring berkah (tambah-tambah) marang sira ana ing bandha kang kok ngengeh, lan mugi-mugi andadekna kasucian ing sira. Amin!"

106. Dene wong-wong liyane, diantekake nganti Allah ngukumi marang dheweke, embuh PanjenengaNe nyiksa ing dheweke, utawa PanjenengaNe karsa nampa ing tobate. Dene Allah iku Maha Ngawuningani tur Maha Wicaksana.

١٠٦- وَاٰخَرُوْنَ مُرْجَوْنَ لِاَمْرِ اللّٰهِ اِمَّا يُعَذِّبُهُمْ وَاِمَّا يَتُوْبُ عَلَيْهِمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۝

Wa aakharuuna murjauna li-amrillaahi immaa yu'adzdzibuhum wa immaa yatuubu 'alaihim, wallahu 'aliimun hakiim.

Den waspada marang wong kang migunakake Mesjid kanggo piranti (topeng).

107. Lan saweneh wong munafik iku ana kang yasa (ngadekake) Mesjid karana arep nukulake karibetan ing antarane wong-wong Mu'min, lan karana kekafirane, lan uga kanggo gawe crahing karukunane wong Mu'min, lan ngenteni tekane wong-wong[483] kang merangi ing Allah sarta UtusaNe, wiwit biyen, sadurunge ngedekake Mesjid iku, sarta dheweke temen-temen padha sumpah: "Saleresipun boten wonten sanes ingkang kita kajengaken kajawi kasaenan!", lan Allah nyekseni yen satemene wong-wong mau padha goroh!"

١٠٧- وَالَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا مَسْجِدًا ضِرَارًا وَّكُفْرًا وَّتَفْرِيْقًاۢ بَيْنَ الْمُؤْمِنِيْنَ وَاِرْصَادًا لِّمَنْ حَارَبَ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ مِنْ قَبْلُ ۗ وَلَيَحْلِفُنَّ اِنْ اَرَدْنَآ اِلَّا الْحُسْنٰى ۗ وَاللّٰهُ يَشْهَدُ اِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ۝

Walladziinat takhadzuu masjidan dhiraaraw wa kufraw wa tafriiqam bainal mu'miniina wa irshaadal liman haaraballaaha warasuulahuu min qabl, walayahlifunna in-aradnaa illal husnaa, wallaahu yasyhadu innahum lakaadzibuun.

108. Lan salawase uga sira aja padha Shalat ana ing kono. Mesjid iku mesthine kang didhasarake sarana taqwa ana ing wiwitane dina diedegake, iku kang luwih pantes sira nindakake Shalat ana ing kono. Ing Mesjid kono ana wong-wong lanang kang dhemen sesuci, lan Allah iku remen marang wong-wong kang padha sesuci.

١٠٨- لَا تَقُمْ فِيْهِ اَبَدًا ۗ لَمَسْجِدٌ اُسِّسَ عَلَى التَّقْوٰى مِنْ اَوَّلِ يَوْمٍ اَحَقُّ اَنْ تَقُوْمَ فِيْهِ ۗ فِيْهِ رِجَالٌ يُّحِبُّوْنَ اَنْ يَّتَطَهَّرُوْا ۗ وَاللّٰهُ يُحِبُّ الْمُطَّهِّرِيْنَ ۝

Laa taqum fiihi abadaa, lamasjidun ussisa 'alat taqwaa min awwali yaumin ahaqqu an taquuma fiih, fiihi rijaaluy yuhibbuuna ay yatathahharuu, wallaahu yuhibbul muththahhiriin.

109. Apa wong kang ngedegake bangunan Mesjid didhasarake kalawan taqwa ing Allah tur entuk karidlaNe iku kang luwih becik, utawa apa wong kang ngedegake bangunan Mesjid ana ing pinggir jurang kang banjur runtuh bangunane mau bareng karo dheweke

١٠٩- اَفَمَنْ اَسَّسَ بُنْيَانَهٗ عَلٰى تَقْوٰى مِنَ اللّٰهِ وَرِضْوَانٍ خَيْرٌ اَمْ مَّنْ اَسَّسَ بُنْيَانَهٗ عَلٰى شَفَا جُرُفٍ هَارٍ فَانْهَارَ بِهٖ فِيْ نَارِ جَهَنَّمَ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِى الْقَوْمَ

483). Sarjana ahli Tafsir anerangaken, bilih tetiyang ingkang merangi Allah lan Rasul punika satunggaling Pendhita Nasrani asma Abu 'Amir ingkang dipun tengga-tengga dhatengipun saking Syria, supados sholat ing Mesjid ingkang dipun bangun piyambakipun lan tetiyang munafik Madinah, sesarengan wadyabala Rumawi ingkang badhe merangi kaum Muslimin. Ing wusana gagal sadaya, jalaran Abu 'Amir pejah wonten ing negari Syria, wadyabala Rumawi boten estu dhateng, mesjid ingkang kabangun tetiyang munafikin dipun brukaken, saking wahyu dhawuhing Allah dhumateng Rasulullah s.a.w. Dados mesjid kasebat namung siasat badhe ngrisak Agama Islam lan damel risakipun persatuan Ummat.

ana ing Naraka Jahanam? Dene Allah iku ora karsa nuduhake wong-wong kang padha nganiaya.

الظّٰلِمِيْنَ ۝

Afaman assasa bunyaanahuu 'alaa taqwaa minallaahi a ridhwaanin khairun am man assasa bunyaanahuu 'alaa syafaa jurufin haarin fanhaara bihii fii naari jahannam, wallaahu laa yahdil qaumazh zhaalimiin.

110. Ora kendhat-kendhat bangunan kang padha diedegake dening dheweke (wong munafik) iku tansah dadi kamamangan ana ing atine, nganti atine dadi ajur mumur,[484] dene Allah iku Maha Ngawuningani sarta Maha Wicaksana.

١١٠- لَا يَزَالُ بُنْيَانُهُمُ الَّذِيْ بَنَوْا رِيْبَةً فِيْ قُلُوْبِهِمْ
اِلَّآ اَنْ تَقَطَّعَ قُلُوْبُهُمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۝

Laa yazaalu bunyaanuhumul ladzii bannau riibatan fii quluubihim illaa an taqaththa'a quluubuhum, wallaahu 'aliimun hakiim.

111. Satemene Allah iku wus mundhut ing jiwa-raga lan bandha-bandhane wong-wong Mu'min kalawan Suwarga kanggo dheweke mau. Dheweke padha perang ana ing dedalaning Allah, nuli wong-wong iku padha mateni utawa dipateni. Janjining Allah bakal paring Suwarga marang wong Mu'min kang perang iku mesthi ditetepi, lan perjanjian mau kasebut ana ing Taurat lan Injil sarta Al Quraan, lan sapa ta kang luwih setiya anggone anetepi janjine tinimbang Allah? mula saka iku sira padha bungaha kalawan dol-tinuku kang wus sira tindakake iku, lan iya kang mangkono iku kabegjan kang agung!

١١١- اِنَّ اللّٰهَ اشْتَرٰى مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ اَنْفُسَهُمْ وَاَمْوَالَهُمْ
بِاَنَّ لَهُمُ الْجَنَّةَ ۗ يُقَاتِلُوْنَ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ فَيَقْتُلُوْنَ
وَيُقْتَلُوْنَ ۖ وَعْدًا عَلَيْهِ حَقًّا فِي التَّوْرٰىةِ وَالْاِنْجِيْلِ
وَالْقُرْاٰنِ ۗ وَمَنْ اَوْفٰى بِعَهْدِهٖ مِنَ اللّٰهِ فَاسْتَبْشِرُوْا
بِبَيْعِكُمُ الَّذِيْ بَايَعْتُمْ بِهٖ ۗ وَذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

Innallaahasy taraa minal mu'miniina anfusahum wa amwaalahum bi-anna lahumul jannah, yuqaatiluuna fii sabiilillaahi fayaqtuluuna wa yuqtaluun, wa'dan 'alaihi haqqan fit tauraati wal-injiili wal qur-aan, waman aufaa bi-'ahdihii minallaahi fastabsyiruu bibai-'ikumul ladzii baaya'tum bih, wa dzaalika huwal fauzul 'azhiim.

112. Wong-wong kang padha tobat, kang padha bekti marang Allah, kang memuji nalika kapriye bae kahanane, kang padha Pasa, kang padha Shalat, kang prentah marang kabecikan, lan nyegah laku ala, lan kang anjaga pernatan wates-watesing Allah, wong-wong kang mangkono iku uga kang wus kajanji dening Allah bakal kaparingan Suwarga. Lan sira Muhammad ambebungaha marang wong-wong kang padha iman.

١١٢- اَلتَّآئِبُوْنَ الْعٰبِدُوْنَ الْحٰمِدُوْنَ السَّآئِحُوْنَ الرّٰكِعُوْنَ
السّٰجِدُوْنَ الْاٰمِرُوْنَ بِالْمَعْرُوْفِ وَالنَّاهُوْنَ عَنِ
الْمُنْكَرِ وَالْحٰفِظُوْنَ لِحُدُوْدِ اللّٰهِ ۗ وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Attaa-ibuunal 'aabiduunal haamiduunas saa-ihuunar raaki'uunas saajiduunal aamiruuna bil ma'ruufi wannaahuuna 'anil munkari wal haafizhuuna lihuduudillaah, wa basysyiril mu'miniin.

484). Maksudipun tetiyang munafik makaten punika boten saged tobat malih.

Ora pareng nyuwunake pangapura kanggo wong musyrik!

113. Ora kena tumrap Nabi lan wong-wong Mu'min nyuwunake pangapura marang wong musyrik, sanajan wong-wong mau dadi kawulawargane. Ora kena nyuwunake pangapura mau, sawuse tetela marang Nabi lan wong-wong Mu'min, manawa dheweke iku dadi ahli Naraka Jahanam.

١١٣- مَا كَانَ لِلنَّبِيِّ وَالَّذِينَ اٰمَنُوٓا اَنْ يَّسْتَغْفِرُوا لِلْمُشْرِكِيْنَ وَلَوْ كَانُوْٓا اُولِيْ قُرْبٰى مِنْۢ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمْ اَنَّهُمْ اَصْحٰبُ الْجَحِيْمِ ۝

Maa kaana linnabiyyi walladziina aamanuu ay yastaghfiruu lil musyrikiina walau kaanuu ulii qurbaa mim ba'di maa tabayyana lahum annahum ashhaabul jahiim.

114. Lan ora ana liya anggone Nabi Ibrahim nyuwunake pangapura tumrap Ramane iku kajaba mung marga janji kang wus dijanjekake Ibrahim marang dheweke. Bareng wus tetela marang Ibrahim manawa Ramane iku satrune Allah, Ibrahim banjur ngresikake awake saka Ramane. Satemene Ibrahim iku banget khusu' tur aris!

١١٤- وَمَا كَانَ اسْتِغْفَارُ اِبْرٰهِيْمَ لِاَبِيْهِ اِلَّا عَنْ مَّوْعِدَةٍ وَّعَدَهَآ اِيَّاهُ ۚ فَلَمَّا تَبَيَّنَ لَهٗٓ اَنَّهٗ عَدُوٌّ لِّلّٰهِ تَبَرَّاَ مِنْهُ ۚ اِنَّ اِبْرٰهِيْمَ لَاَوَّاهٌ حَلِيْمٌ ۝

Wamaa kaanas tighfaaru ibraahiima li-abiihi illaa 'am mau'idatiw wa'adahaa iyyaah, falammaa tabayyana lahuu annahuu 'aduwwul lillaahi tabarra-a minh, inna ibraahiima la-awwaahun haliim.

115. Lan Allah ora bakal matrapi pahukuman marang kasasare sawijining kaum kang wus diparingi pituduh dening PanjenengaNe, kajaba manawa PanjenengaNe wus nerangake marang dheweke ing perkara kang wajib diwedeni (diedohi). [485] Sanyata Allah iku kang Maha Ngawuningani ing kabeh perkara.

١١٥- وَمَا كَانَ اللّٰهُ لِيُضِلَّ قَوْمًاۢ بَعْدَ اِذْ هَدٰىهُمْ حَتّٰى يُبَيِّنَ لَهُمْ مَّا يَتَّقُوْنَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ۝

Wamaa kaanallaahu liyudhilla qaumam ba'da idz hadaahum hattaa yubayyina lahum yattaquun, innallaaha bikulli suai-in 'aliim.

116. Sanyata Allah kang kagungan karatoning Langit-Langit lan Bumi, PanjenengaNe kang nguripi lan kang mateni. Lan sira kabeh ora anduweni Pangayom lan Panulung saliyane Allah.

١١٦- اِنَّ اللّٰهَ لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ يُحْيٖ وَيُمِيْتُ ۗ وَمَا لَكُمْ مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا نَصِيْرٍ ۝

Innallaaha lahuu mulkus samaawaati wal ardh, yuhyii wa yumiit, wamaa lakum min duunillaahi miw waliyyiw walaa nashiir.

---

485). Artosipun manawi satunggaling urusan Agama sampun dipun terangaken gamblang meksa dipun terak angger-angger Agama wau, punika nami dosa lan dipun siksa sarana azab minangka piwalesipun.

117. Sayekti Allah wus karsa nampa tobate Nabi lan Sekabat Muhajirin apa dene Anshar, kang padha andherek Nabi ana ing waktu kasusahan, sawuse kadaden sagolongan Sekabate Nabi ana kang atine meh-meh ngglewang saka kabeneran, Allah banjur karsa nampa tobate wong-wong mau. Jalaran satemene Allah iku Maha Welas lan Maha Asih marang wong mau.

١١٧- لَقَدْ تَّابَ اللّٰهُ عَلَى النَّبِيِّ وَالْمُهٰجِرِيْنَ وَالْاَنْصَارِ
الَّذِيْنَ اتَّبَعُوْهُ فِيْ سَاعَةِ الْعُسْرَةِ مِنْۢ بَعْدِ مَا
كَادَ يَزِيْغُ قُلُوْبُ فَرِيْقٍ مِّنْهُمْ ثُمَّ تَابَ عَلَيْهِمْ ۚ
اِنَّهٗ بِهِمْ رَءُوْفٌ رَّحِيْمٌ ۝

Laqad taaballaahu 'alan nabiyyi wal muhaajiriina wal anshaaril ladziinat taba-'uuhu fii saa'atil 'usrati mim ba'di maa kaada yaziighu quluubu fariiqim minhum tsumma taaba 'alaihim innahuu bihim ra-uufur rahiim.

118. Lan Allah temen wus karsa nampa tobate wong telu [486] yaiku Sekabat Anshar kang ditinggal ora diajak perang. Bareng Bumi dadi rupeg tumrap wong-wong mau, mangka bumi iku jembar, lan wus padha rupeg atine, sarta dheweke wus padha yakin, manawa ora pisan-pisan ana pangungsen marga saka bebenduning Allah, kajaba mung marang PanjenengaNe Allah piyambak. PanjenengaNe banjur karsa nampa tobate wong-wong mau, supaya dheweke padha tobat. Sanyata Allah iku remen nampa tobat tur Maha Asih.

١١٨- وَّعَلَى الثَّلٰثَةِ الَّذِيْنَ خُلِّفُوْا ۚ حَتّٰٓى اِذَا ضَاقَتْ عَلَيْهِمُ الْاَرْضُ بِمَا
رَحُبَتْ وَضَاقَتْ عَلَيْهِمْ اَنْفُسُهُمْ وَظَنُّوْٓا اَنْ لَّا مَلْجَاَ
مِنَ اللّٰهِ اِلَّآ اِلَيْهِ ۚ ثُمَّ تَابَ عَلَيْهِمْ لِيَتُوْبُوْا ۚ اِنَّ اللّٰهَ
هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيْمُ ۝

Wa 'alats tsalaatsatil ladziina khullifuu, hattaa idzaa dhaaqat 'alaihimul ardhu bimaa rahubat wa dhaaqat 'alaihim anfusuhum wa zhannuu allaa malja-am minallaahi illaa ilaih, tsumma taaba 'alaihim liyatuubuu, innallaaha huwat tawwaabur rahiim.

119. He para wong-wong kang padha iman! Sira padha wedia marang Allah, lan sira padha bebarengana karo wong-wong kang bener!

١١٩- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ وَكُوْنُوْا مَعَ الصّٰدِقِيْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanut taqullaaha wa kuunuu ma'ash shaadiqiin.

120. Para Sekabat Muhajirin lan Anshar kang padha manggon ana Madinah, sarta wong-wong saka golongan Baduwi kang ana ing sakiwa tengene, dheweke ora kena ninggalake Rasulullah ora melu perang, sarta dheweke ora kena welas marang awake-dhewe, ngluwihi welase marang Rasul. Ora kena tega ninggalake sira pinuju perang iku, jalaran dheweke ora bakal kataman ngelak, kesel, lan luwe ana ing perang Sabilillah. Lan dheweke ora bakal maju sajangkah bae kang

١٢٠- مَا كَانَ لِاَهْلِ الْمَدِيْنَةِ وَمَنْ حَوْلَهُمْ مِّنَ الْاَعْرَابِ
اَنْ يَّتَخَلَّفُوْا عَنْ رَّسُوْلِ اللّٰهِ وَلَا يَرْغَبُوْا بِاَنْفُسِهِمْ عَنْ
نَّفْسِهٖ ۚ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ لَا يُصِيْبُهُمْ ظَمَاٌ وَّلَا نَصَبٌ وَّلَا
مَخْمَصَةٌ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَلَا يَطَـُٔوْنَ مَوْطِئًا يَّغِيْظُ
الْكُفَّارَ وَلَا يَنَالُوْنَ مِنْ عَدُوٍّ نَّيْلًا اِلَّا كُتِبَ لَهُمْ بِهٖ
عَمَلٌ صَالِحٌ ۚ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُضِيْعُ اَجْرَ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

---

486). Inggih punika Sekabat Ka'ab bin Malik, Hilal bin Umayyah, lan Mararah bin Rabi', piyambakipun dipun lepataken sabab boten purun ndherek perang (Sabilillah).

nyusahake wong-wong kafir, lan ora oleh-olehan saka mungsuh-mungsuh, kajaba kabeh iku wus ditulis tumrap dheweke dadi 'amal shaleh. Sanyata Allah iku ora ngilang-ngilang-ake ganjarane wong-wong kang tumindak becik.

Maa kaana li-ahlil madiinati waman haulahum minal a'raabi ay yatakhallafuu 'ar rasuulillaahi walaa yarghabuu bi-anfusihim 'an nafsih, dzaalika bi-annahum laa yushiibuhum zhama-uw walaa nashabuw walaa makhshatan fii sabiilillaahi walaa yatha-uuna mauthi-ay yaghiizhul kuffaara walaa yanaaluuna min 'aduwwin nailan illaa kutiba lahum bihii 'amalun shaalih, innallaaha laa yudhii-'u ajral muhsiniin.

121. Lan dheweke ora nanjakake sawijining nafkah kang cilik utawa kang gedhe, lan dheweke ora padha nyabrang jurang, kajaba uga wus ditulis tumrap dheweke. Karsaning Allah kanggo angganjar kabeh 'amal kang luwih becik, kang wus ditindakake dening wong-wong mau.

١٢١- وَلَا يُنْفِقُوْنَ نَفَقَةً صَغِيْرَةً وَّلَا كَبِيْرَةً وَّلَا يَقْطَعُوْنَ وَادِيًا اِلَّا كُتِبَ لَهُمْ لِيَجْزِيَهُمُ اللّٰهُ اَحْسَنَ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Walaa yunfiquuna nafaqatan shaghiirataw walaa kabiirataw walaa yaqtha-'uuna waadiyan illaa kutiba lahum liyajziyahumullaahu ahsana maa kaanuu ya'maluun.

122. Lan tumrap wong-wong Mu'min ora prayoga kabeh budhal perang, yagene ora ana sing budhal saperangan saka dheweke, perlu padha nyinau 'ilmu mangerteni Agama, lan supaya dheweke banjur aweh pepeling marang kaume manawa wus padha bali menyang Kampunge. Muga-muga dheweke (kaum-kaume) padha gelem eling.[487]

١٢٢- وَمَا كَانَ الْمُؤْمِنُوْنَ لِيَنْفِرُوْا كَآفَّةً ۭ فَلَوْلَا نَفَرَ مِنْ كُلِّ فِرْقَةٍ مِّنْهُمْ طَاۗىِٕفَةٌ لِّيَتَفَقَّهُوْا فِي الدِّيْنِ وَلِيُنْذِرُوْا قَوْمَهُمْ اِذَا رَجَعُوْٓا اِلَيْهِمْ لَعَلَّهُمْ يَحْذَرُوْنَ ۝ ع ١٥

Wamaa kaanal mu'minuuna liyanfiruu kaaffah, falau laa nafara min kulli firqatim minhum thaa-ifatul liyatafaqqahuu fid diini wa liyundziruu qaumahum idzaa raja'uu ilaihim la'allahum yahdzaruun.

487). Dhawuhing Ayat punika kados sampun cetha terang, sarta tetela wonten ing 'alam Islam, bilih kabetahanipun Ummat kedah dipun pilah-pilah lan dipun bage-bage panggarapipun, kados dene Departemen-Departemen manawi wonten Pamarentahan. Sadaya gatra (aspek) masyarakat kedah dipun cakup, kadosta aspek Sosial Budaya, aspek Ekonomi, aspek Politik, aspek Ideologi, aspek Kaamanan - Pertahanan, lan aspek Agama. Ngrembakanipun kedah sarwa manunggal, integrasi, koordinasi, sinkronisasi, sarta harmonis satunggal lan sawenehipun. Panggarapipun program, lan wragad sarta ingkang kontrol nitipriksa kedah dipun musyawarah-aken dening para ahli lan wakil-wakil rakyat, ingkang mangertosi kabetahaning Ummat. Dene kabetahaning Ummat punika peprincenanipun kathah sanget, boten wonten anggeranipun, jalaran gumantung kaliyan ombak-umbuling kawontenan lan lampahing jaman, sarta kiprahing tehnologi modern. Mugi kawuningana ing para sutrisna, bilih ilmu tehnologi-modern kalayan Islam boten memengsahan, malah sajatosipun sami bantu-binantu, lan sami dene ngisi satunggal ing sawenehipun. Inggih kabetahanan ingkang kados makaten punika ingkang kawastanan Fardlu Kifayah (Kuwajibaning Ummat ingkang wajib katindakaken kanthi sampurna, manawi dipun lirwakaken ageng sanget bebayanipun lan ageng dosanipun menggahing Allah). Ingkang makaten wau sampun mesthi ugi kemawon sagedipun tumindak samudayanipun, kedah dipun wonteni rerakitaning Organisasi, inggih punika Pamarentah saking pilihaning Ummat ingkang tinata sae, rajin tur beres (clean government). Awit saking punika miturut piwucaling Allah S.W.T. wonten ing Quraan Surat An Nisaa' ayat 59, babagan falsafah dhedhasaring Negara (Pamarentah), kawilujenganipun Ummat, adeg lan lestantunipun kedah wonten Ulil-amri ingkang saged mranata lan nyakup sadaya gatra (aspek) masyarakating ummat.

123. He wong-wong kang padha iman! Sira merangana wong-wong kafir kang cedhak marang sira, lan dheweke supaya sumurup kekerasan lan kesabaranira ana ing peperangan. Lan mangertia yen satemene Allah iku anartani marang wong-wong kang padha taqwa.

١٢٣- يَاأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا قَاتِلُوا الَّذِينَ يَلُونَكُمْ مِنَ الْكُفَّارِ وَلْيَجِدُوا فِيكُمْ غِلْظَةً ۚ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ مَعَ الْمُتَّقِينَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu qaatilul ladziinayaluunakum minal kuffaari walyajiduu fiikum ghilzhah, wa'lamuu annallaaha ma'al muttaqiin.

124. Lan manawa diturunake sawijining Surat, sawenehe kaum munafik ana kang ngucap: "Sapa saka sira kang tambah kapercayane kalawan tumurune Surat iku?" Dene wong-wong kang mukmin, banjur padha tambah imane kalawan tumurune Surat iku, sarta dheweke padha bungah.

١٢٤- وَإِذَا مَا أُنْزِلَتْ سُورَةٌ فَمِنْهُمْ مَنْ يَقُولُ أَيُّكُمْ زَادَتْهُ هَٰذِهِ إِيمَانًا ۚ فَأَمَّا الَّذِينَ آمَنُوا فَزَادَتْهُمْ إِيمَانًا وَهُمْ يَسْتَبْشِرُونَ ۝

Wa-idzaa maa unzilat suuratun faminhum may yaquulu ayyukum zaadathu haadzihii iimaanaa, fa-ammal ladziina aamanuu fazaadathum iimaanaw wahum yastabsyiruun.

125. Dene wong-wong kang ing atine ana lelarane [488] mamang lan munafik, manawa tumurun Surat Al Quraan iku: malah tambah kamamangan lan kamunafekane, sarta dheweke nganti matine uga isih tetep kafir.

١٢٥- وَأَمَّا الَّذِينَ فِي قُلُوبِهِمْ مَرَضٌ فَزَادَتْهُمْ رِجْسًا إِلَىٰ رِجْسِهِمْ وَمَاتُوا وَهُمْ كَافِرُونَ ۝

Wa-ammal ladziina fii quluubihim maradhun fazaadathum rijsan ilaa rijsihim wamaatuu wahum kaafiruun.

126. Lan apa kaum munafikin iku ora mangerti, yen satemene dheweke [489] dicoba ana ing saben tahun sapisan, utawa ping pindho, dheweke isih tetep ora padha gelem tobat, sarta ora pisan-pisan padha gelem nampa pitutur.

١٢٦- أَوَلَا يَرَوْنَ أَنَّهُمْ يُفْتَنُونَ فِي كُلِّ عَامٍ مَرَّةً أَوْ مَرَّتَيْنِ ثُمَّ لَا يَتُوبُونَ وَلَا هُمْ يَذَّكَّرُونَ ۝

Awalaa yarauna annahum yuftanuuna fii kulli 'aamim marratan au marrataini tsumma laa yatuubuuna walaa hum yadzdzakkaruun.

---

488). Sesakit ingkang dipun maksud wonten ing ayat punika sesakit mental (jiwa bathiniyah) kadosta munafik, mamang, kafir, fasik (mangertos nanging tetep nerjang wewaler) dhrengki, lan sanes-sanesipun.

489). Maksudipun "dheweke dicoba" punika dipun cobi kenging musibah, kadosta kawiyak wadosipun anggenipun damel-damel Agami, lan anggenipun khiyanat cidra ing janji, sarta kajodheran anggenipun damel siyasat mecah belah ing ngasanes!

127. Lan manawa diturunake sawijining Surat, sawenehe kaum munafikin andeleng marang liyane karo ngucap: "Apa ana salah sawijining wong Islam kang andeleng marang sira?" Dheweke banjur padha lunga, Allah banjur ngenggokake atine wong-wong mau saka pituduh, jalaran satemene dheweke iku kaum kang ora padha mangerti.

١٢٧- وَإِذَا مَآ أُنزِلَتْ سُورَةٌ نَّظَرَ بَعْضُهُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ هَلْ يَرَىٰكُم مِّنْ أَحَدٍ ثُمَّ انصَرَفُوا ۚ صَرَفَ اللَّهُ قُلُوبَهُم بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَفْقَهُونَ ۝

Wa-idzaa maa unzilat suuratun nazhara ba'dhuhum ilaa ba'dh, hal yaraakum min ahadin tsumman sharafuu, sharafallaahu quluubahum bi-annahum qaumul laa yafqahuun.

128. Temen wus rawuh marang sira kabeh Utusan saka bangsanira, kang sasarira lan kacilakanira banget ndadekake prihatin lan nyusahake marang Utusan mau, lan Utusan mau kepengin banget supaya sira padha iman lan slamet, tur Utusan mau marang wong-wong Mu'min banget anggone welas lan asihe.

١٢٨- لَقَدْ جَآءَكُمْ رَسُولٌ مِّنْ أَنفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيْهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُم بِالْمُؤْمِنِينَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ۝

Laqad jaa-akum rasuulum min anfusikum 'aziizun 'alaihi maa 'anittum hariishun 'alaikum bil mu'miniina ra-uufur rahiim.

129. Dene manawa dheweke padha hemoh iman, dhawuha sira Muhammad: "Allah wus nyukupi marang aku. Ora ana Pangeran kang hak sinembah sembah kajaba mung PanjenengaNe piyambak. Marang PanjenengaNe dununging pasrahku, lan PanjenengaNe iku Pangeraning 'Arsy kang Agung".

***)

١٢٩- فَإِن تَوَلَّوْا فَقُلْ حَسْبِيَ اللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَهُوَ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ ۝

Fa-in tawallau faqul hasbiyallaah, laa ilaaha illaa huwa, 'alaihi tawakkaltu wa huwa rabbul 'arsyil 'azhiim.

***). Kados panutup ing Surat sanes-sanesipun, kagem sawatawis pasinaon tandhingan (comperative study), Surat At Taubah kaliyan Surat Yunus, makaten:

1. Wonten ing akhir Surat At Taubah dipun sebataken kados pundi kawigatosan lan jejeripun risalah lan Da'wah Islamiyah ingkang kajibahaken dhumateng Junjungan kita Nabi Muhammad s.a.w. tumrap Ummat Manungsa sajagad pramudita. Wonten akhir Surat Yunus ugi dipun ambali kasebat malih.

2. Wonten ing Surat Yunus katerangaken sikepipun tetiyang kafir dhateng temurunipun Al Quraan, manawi wonten ing Surat At Taubah sikepipun tetiyang munafik dhateng tumurunipun Al Quraan.

3. Khusus ing Surat At Taubah utawi Tobat marang Allah, isi maksud pambatalanipun parjanjiyan dhame, antawisipun Nabi Muhammad s.a.w. kalayan tetiyang musyrikin, sabab piyambakipun boten anetepi syarat-syarating parjanjiyan dhame Hudaibiyah.
Ugi kasebataken bab hukum Tata Nagari, hukum Perang lan Dhame, lelampahan Hijrah, sarta kuwajiban nafakahaken bandha, lan sinten ingkang hak anampi!

YUNUS

Surat kaping 10 : 109 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekah, kajaba ayat 40, 95 dan 96 tumurun ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Al Isra'.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Tandha yekti kaagunganing Allah ana saindenge jagad.

الٓرٰ ۚ تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْحَكِيْمِ ○ ١

1. Alif Laam Raa' (Hamung Allah piyambak kang priksa maksude). Hiya iki, ayat-ayate Kitab Al Quraan kang mengku Wicaksana.

Alif Laam Raa, tilka aayaatul kitaabil hakiim.

اَكَانَ لِلنَّاسِ عَجَبًا اَنْ اَوْحَيْنَآ اِلٰى رَجُلٍ مِّنْهُمْ اَنْ اَنْذِرِ النَّاسَ وَبَشِّرِ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنَّ لَهُمْ قَدَمَ صِدْقٍ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۗ قَالَ الْكٰفِرُوْنَ اِنَّ هٰذَا لَسٰحِرٌ مُّبِيْنٌ ○ ٢

2. Apa andadekake gumune para manungsa ta, yen Ingsun paring Wahyu marang sawijining wong lanang saka golongane, mangkene wahyu pangandikanIngsun: "Sira pepelinga marang para manungsa, lan ambebungaha marang wong-wong kang padha iman, yen satemene dheweke bakal padha oleh ganjaran kelungguhan kang becik ana ing ngarsane Pangeran sesembahane". Wong-wong kafir padha ngucap: "Satemene wong iki, nyata tukang sihir kang temenan!"

Akaana linnaasi 'ajaban an auhainaa ilaa rajulim minhum an andzirin naasa wa basysyiril ladziina aamanuu anna lahum qadama shidqin 'inda rabbihim, qaalal kaafiruuna inna haadzaa lasaahirum mubiin.

اِنَّ رَبَّكُمُ اللّٰهُ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ فِيْ سِتَّةِ اَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوٰى عَلَى الْعَرْشِ يُدَبِّرُ الْاَمْرَ ۗ مَا مِنْ شَفِيْعٍ اِلَّا مِنْۢ بَعْدِ اِذْنِهٖ ۗ ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ فَاعْبُدُوْهُ ۗ اَفَلَا تَذَكَّرُوْنَ ○ ٣

3. Sanyata Pangeranira iku Allah, kang wus anitahake Langit-Langit, lan Bumi ing sajerone nem dina, PanjenengaNe banjur karsa nitahake 'Arsy, PanjenengaNe kang ngasta urusaning makhluke. Ora ana sawiji wahe kang bisa nyafa'ati, kajaba sawuse kaparingan palilah dening Pangeranira. Marga saka iku sira kabeh padha anyembaha ma-

rang PanjenengaNe piyambak, apa sira ora gelem nampa pepeling?

Inna rabbakumullaahul ladzii khalaqas samaawaati wal ardha fii sittati ayyaamin tsummas tawaa 'alal 'arsyi yudabbirul amr, maa min syafii'in illaa mim ba'di idznih, dzaalikumullaahu rabbukum fa'buduuh, afalaa tadzakkaruun.

٤ - إِلَيْهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا ۖ وَعْدَ اللَّهِ حَقًّا ۚ إِنَّهُ يَبْدَؤُا
الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ لِيَجْزِيَ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا
الصَّالِحَاتِ بِالْقِسْطِ ۚ وَالَّذِينَ كَفَرُوا لَهُمْ شَرَابٌ مِّنْ
حَمِيمٍ وَعَذَابٌ أَلِيمٌ بِمَا كَانُوا يَكْفُرُونَ ۝

4. Hamung marang PanjenengaNe piyambak panggonan sowanira bali kabeh bae, kang mangkono mau dumunung janji kang bener saka ngarsane Allah. Satemene PanjenengaNe Allah kang miwiti nyipta makhluk, tumuli ambalekake nguripake maneh sawuse mati, karsaNe PanjenengaNe kanggo anganjar wong-wong kang padha iman lan nindakake 'amal shaleh, kalawan piwales kang adil. Wong-wong kang padha kafir bakal oleh omben-omben banyu umob kang banget panase, lan kapatrapan siksa kang nglarani, jalaran perkara kang wus diungkiri.

Ilaihi marji'ukum jamii'aa, wa'dallaahi haqqaa, innahuu yabda-ul khalqa tsumma yu'iiduhuu liyajziyal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati bil qisth, walladziina kafaruu lahum syaraabum min hamiimiw wa 'adzaabun aliimum bimaa kaanuu yakfuruun.

٥ - هُوَ الَّذِي جَعَلَ الشَّمْسَ ضِيَاءً وَالْقَمَرَ نُورًا وَّ
قَدَّرَهُ مَنَازِلَ لِتَعْلَمُوا عَدَدَ السِّنِينَ وَالْحِسَابَ ۚ مَا
خَلَقَ اللَّهُ ذَٰلِكَ إِلَّا بِالْحَقِّ ۚ يُفَصِّلُ الْآيَاتِ لِقَوْمٍ
يَعْلَمُونَ ۝

5. PanjenengaNe Pangeran kang wus ndadekake Srengenge kanggo pepadhang, lan wus nitahake Rembulan kang mawa cahya, lan PanjenengaNe wus anetepake panggonan riling siji-sijine Srengenge lan Rembulan, supaya sira mangerteni wilangane umuring Tahun lan itungane Sasi. Allah ora anitahake kang mangkono iku, kajaba kalawan haq[490] (kanggo nuduhake barang haq lan batal). PanjenengaNe anerangake ayat-ayat tumrap wong-wong kang padha mangerti.

---

490). Para ahli ilmu kemasyarakatan sarta ilmu eksakta, dipun eneraken arahipun dening ahli Tafsir Quraan, anyuraos ayat no. 1 dumugi ayat no. 7 ing surat Yunus punika saged katerangaken makaten: I. Ilmu Falak utawi Astronomi sampun nyumerapi bilih tata-Surya punika wonten jagading Langit bakunipun sanga, inggih punika saking Surya, medal lajeng pinanggih Lintang Mercurius (Utarid), lajeng Lintang Venus (Zuhara), lajeng Lintang Bumi (panggenan kita Manungsa), lajeng Lintang Mars (Marikh), lajeng Lintang Yupiter (Mustari), lajeng Lintang Saturnus (Zuhal), lajeng Lintang Uranus, Neptunus, sarta Pluto. Khusus antawisipun Bumi kaliyan Mars, wonten satelit Rembulan (ingkang sampun dipun jelajah dening astronout Amerika lan Rusia); dados ingkang masyhur wonten sedasa, lan pinten-pinten malih Lintang alit-alit ingkang tanpa wilangan cacahipun!

II. Ptolemacus saking negari Alexandria (tahun 150 Masehi) nggadhahi teori, bilih Bumi tetep ing panggenanipun, dene Surya, Rembulan lan Lintang-Lintang sami ngubengi Bumi. Dumugi abad 16 teori punika dipun gega sa-Donya, ilmu-astronomy tambah majeng sabab teori enggal saking Copernicus (abad kaping 16) anerangaken bilih Surya ingkang tetep lan dados pusat ubengipun Bumi lan Satelitipun. Tambah sampurna dening teori Newton (1642 - 1725) ingkang kagungan natijah, bilih sadaya ing alam Cakrawala punika, kalebet Surya mubeng lan sanes-sanesipun, sarta satunggal lan sanesipun sami gadhah daya tarik-tarikan, sami-sami anjagi kamantepanipun lan babag-bobotipun ing salebeting sistim manunggal tur angabehi ingkang kawastanan law of gravity! Dhuh para sutrisna, saeba laminipun panelitinipun panca-ndria lan ilmu anggenipun badhe andhepani 'ilmu-Wahyu saking ngarsaning Allah. Malah akhir-akhir punika tuwuh ilmu enggal, ekologi, lan futurelogy, ingkang sanget migatosaken lestantunipun peparinging Allah ingkang awujud bahan energi, toya, redi, tetaneman, sarta hawa ingkang tetep seger, supados gesangipun manungsa tansah kahayoman ing karaharjan lahir lan batos!

Huwalladzii ja'alasy syamsa dhiyaa-aw wal qamara nuuraw wa qaddarahuu manaazila lita'lamuu 'adadas siniina wal hisaab, maa khalaqallaahu dzaalika illaa bilhaqq, yufashshilul aayaati liqaumiy ya'lamuun.

٦. إِنَّ فِي اخْتِلَافِ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَمَا خَلَقَ اللَّهُ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ لَآيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَتَّقُونَ ۝

6. Satemene ana ing bab gilir gumantine, lan beda-bedane wayah wengi kalawan rina, sarta sabarang kabeh kang dititahake dening Allah ing Langit-Langit lan Bumi, iku temen dadi tandha yekti tumrap kaum kang padha taqwa marang Allah.

Inna fii khalqil laila wannahaari wamaa khalaqallaahu fissamaawaati wal ardhi laaayaatil liqaumiy yattaquun.

III. Kangge anyampurnakaken karaharjan lahir-batos, kedah mangertosi katagori tiga ing lapangan sosial, (1) Mu'amalah ma'al Khalik, utawi sesambetanipun manungsa kaliyan Allah, (2) Mu'amalah ma'al khalqi, utawi sesambetaning manungsa kaliyan sasamining manungsa, (3) Mu'amalah ma'al **Khaliq (Allah)** sarta mu'amalah ma'al **khalqi (manungsa)** kedah wonten tawaazun sababag-bobotipun, tegesipun kalih-kalihipun samergi lan sesarengan. Inggih makaten punika manawi badhe anjagi "human dignity" utawi martabating manungsa saking sangkan paraning dumadi (fitrah manusiawy) ingkang adhedhasar Wahyu-Ilahy Quraan!
Dene manawi kajabar ing jaman-modern, saking ilmu Kabudayan, istilah dipun cipta dening Allah ateges **andamel 'Alam Raya**, dene istilah dipun cipta dening manungsa punika ateges **ngrebah 'Alam** (damel ingkang sampun wonten lan sampun wonten contonipun!), punika ceples kaliyan jejering manungsa dados **Khalifah ing Bumi**. Inggih namung manungsa ingkang saged damel **Kabudayan!**
Sampun dados kasunyatan ingkang leres, boten dipun masalahaken malih, bilih **ilmu lan tehnologi** (dipun tingali saking ikhtiyar kabudayaning manungsa) ingkang keconggah ngitik-itik kamakmuran lan karaharjan (sumangga mriksanana Bangsa ingkang sampun inggil ilmu lan tehnologi-nipun!). Lajeng saking **ilmu lan tehnologi** saged dipun cangkok nenem perkawis ingkang wigatos saestu (gothang satunggal saged ngrisak lan sadayanipun) inggih punika:

1). mernata panggesangan sosial, ngantos dumugi raharja (sejahtera),
2). mernata panggesangan ekonomi, ngantos dumugi makmur,
3). mernata panggesangan politik, ngantos dumugi aman lan adil,
4). mernata panggesangan seni, ngantos dumugi ngremenaken,
5). mernata panggesangan filsafat, ngantos saged ngedhuki hakikat kaleresan saking manungsa lan alam,
6). mernata bebrayanipun nindakaken Agami, ingkang ngantos saged dipun dhahar dening akal lan saged katampi dening pikiran!

Ngengeti manungsa punika Khalifah ing Bumi, pramila **ilmu lan tehnologi** ingkang mernata nenem perkawis punika wau kedah gadhah pola (motive) saking **ilmu-Allah (Wahyu Quraan).**

Gamblangipun ilmu-tehnologi manungsa nuwuhaken lan ambangun kabudayan, dene ilmu-Allah nuwuhaken lan ambangun Agama. Jejeripun kabudayan kawogan ngitik-itik kamakmuran lan karaharjan, dene tujuanipun Agama ngitik-itik karaharjan Akherat. Menggahing kapitadosan Agama, alam Donya punika terminal kang kawitan penggesanganipun manungsa, sarta Akherat punika terminal kang pungkasan, antawisipun Donya lan Akherat ubed-ubedan rerentengan sambetan sarana kausal. Donya amujudaken sabab, akherat: akibat. Tumindak awon ing Donya, boten telas (rampung) ing Donya kemawon, akibatipun dipun raosaken ing Akherat. Saking punika kangge anggayuh karahrjan ing Akherat, inggih ing Donya punika kita kedah 'amal-soleh sarta tumindak ingkang utama, utawi makarya ingkang Gusti Allah ridla! Panggesangan ing Akherat nenuntun panggesangan ing Donya, kados dene pucuk lan bongkotipun, pungkasan angendhaleni kawitan! Inggih makaten punika Kabudayan ingkang kedah dipun tuntun dening Agama. Dados ilmunipun manungsa punika nisbi (relatif), dene ilmunipun Allah punika mutlak. Pramila wajar lan samesthinipun bilih manungsa punika sumarah ing tuntunaning Allah ing salebeting ikhtiyar ngitik-itik lan andhapuk Kabudayan, ingkang mernata panggesangan Duniawi!

٧ - إِنَّ الَّذِينَ لَا يَرْجُونَ لِقَاءَنَا وَرَضُوا بِالْحَيَوٰةِ الدُّنْيَا وَاطْمَأَنُّوا بِهَا وَالَّذِينَ هُمْ عَنْ ءَايَٰتِنَا غَٰفِلُونَ ۝

7. Sanyata wong-wong kang ora padha ngarep-arep sowan ngadhep marang Ingsun, sarta dheweke wus padha ridla (kasengsem) kalawan panguripan Donya, [491] sarta tentrem ayem katungkul nrima marang panguripan Donya iku, nganti dheweke padha lali marang ayat-ayatIngsun.

Innalladziina laa yarjuuna liqaa-anaa wa radhuu bil hayaatid-dunyaa wathma-annuu bihaa walladziina hum 'an aayaatinaa ghaafiluun.

٨ - أُولَٰٓئِكَ مَأْوَىٰهُمُ النَّارُ بِمَا كَانُوا يَكْسِبُونَ ۝

8. Yekti Naraka kang bakal dadi panggonan baline wong-wong mau, jalaran perkara kang wus padha ditindakake.

Ulaa-ika ma'waahumun naaru bimaa kaanuu yaksibuun.

٩ - إِنَّ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَعَمِلُوا الصَّٰلِحَٰتِ يَهْدِيهِمْ رَبُّهُم بِإِيمَٰنِهِمْ ۖ تَجْرِي مِن تَحْتِهِمُ الْأَنْهَٰرُ فِي جَنَّٰتِ النَّعِيمِ ۝

9. Satemene wong-wong kang padha iman lan nindakake laku becik, Pangeran paring pituduh [492] supaya bisa mlebu ing Suwarga marga saka imane, kang ing sangisore ana kaline sapirang-pirang padha mili, ing Suwarga papaning kani'matan.

Innalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati yahdiihim rabbuhum bi-iimaanihim, tajrii min tahtihimul anhaaru fii jannaatin na'iim.

١٠ - دَعْوَىٰهُمْ فِيهَا سُبْحَٰنَكَ اللَّهُمَّ وَتَحِيَّتُهُمْ فِيهَا سَلَٰمٌ ۚ وَءَاخِرُ دَعْوَىٰهُمْ أَنِ الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَٰلَمِينَ ۝

10. Do'ane [493] wong-wong mau ana ing kono: "Maha Suci Paduka Dhuh Allah", lan pakurmatane ana ing kono salam rahayu, [494] dene panutuping do'ane: "Sadaya puji kagunganipun Allah Pangeraning sadaya 'alam jagad-raya".

Da'waahum fiihaa subhaanakal laahumma wa tahiyyatuhum fiihaa salaam, wa aakhiru da'waahum anil hamdu lillaahi rabbil 'aalamiin.

---

491). Katungkul lan kasengsem dhateng panggesangan Donya punika saged dados faham Secularism, ingkang nate kadadosan ing Zaman Abad Pertengahan laladan Negari-Negari Eropa, makaten katerangan saking Prof. Alan Richadson, Universitas Inggris ing Nottingham. Wekdal samanten kacariyos boten saged dipun selaki ing madyaning Sejarah Eropa (inevitable), sasampunipun Keprabon Rumawi Kilen ambruk, lajeng Sri Paus lan Gereja ingkang nguwaosi politik lan ekonomi! Faham secularisasi punika cengkah kaliyan piwulang Agami Islam ugi boten saged dipun trapaken wonten Negari Pancasila ing Indonesia, sabab falsafah lan ideologi Pancasila punika anetepaken wonten Undang-Undang Dasar 1945, ing Bab XI, fasal 29, "Negara berdasar atas Ke-Tuhanan Yang Maha Esa", artosipun masyarakat utawi Negari ingkang dados idham-idhamanipun punika ingkang sosialis-religius, inggih punika masyarakat adil makmur ingkang anyakup materiil lan spirituil, lahiriyah lan bathiniyah, Donya lan Akherat ingkang tansah angsal Karidlaning Allah Subhanahu wata'aala!

Para sutrisna, mugi dadosa kawigatosan politis-sosiologis, bilih Negara Republik Indonesia punika Negara Kesatuan lan Negara Hukum, sarta Negara Ber-Ketuhanan Yang Maha Esa. Boten Negari atheis, sanes Negari secul..ris. lan boten Negari Islam (ingkang leres Negari ingkang masyarakatipun 90% angrungkebi Agami Islam).

492). Maksudipun Gusti Allah nuntun 'amal-'amal kasaenan ingkang andumugekaken lumebet ing Suwarga.

493). Do'a ing ngriki maksudipun, tetiyang wau sami muja lan muji dhumateng Allah s.w.t.

494). Artosipun kasugengan, sarta rahayu nir ing sambe kala.

11. Lan saupama Allah karsa enggal-enggal nyembadani panyuwuning manungsa kang ala kaya anggone dienggalake kabule panyuwun kang becik, yekti mangsane ajal diputusake pisan. Ingsun banjur nguja wong-wong kang ora ngarep-arep sowan madhep marang Ingsun, kareben bola-bali kebingungan ana ing kalacutane.

١١ - وَلَوْ يُعَجِّلُ اللّٰهُ لِلنَّاسِ الشَّرَّ اسْتِعْجَالَهُمْ بِالْخَيْرِ لَقُضِيَ إِلَيْهِمْ أَجَلُهُمْ ۖ فَنَذَرُ الَّذِينَ لَا يَرْجُونَ لِقَاءَنَا فِي طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُونَ ○

Walau yu'ajjilullaahu linnaasisy syarras ti'jaalahum bilkhairi laqudhiya ilaihim ajaluhum, fanadzarul ladziina laa yarjuuna liqaa-anaa fii thughyaanihim ya'mahuun.

12. Lan manawa manungsa kang kafir iku kataman kasusahan, dheweke banjur nenuwun marang Ingsun kalawan teturon, utawa lungguh, utawa ngadeg. Bareng Ingsun wus ngilangi kasusahane iku, dheweke tetep isih ana kahanan maune, kaya-kaya dheweke iku durung tau nenuwun marang Ingsun, supaya kasusahane diilangake. Kaya mangkono anggone dipaesi wong-wong kang ngliwati wates klawan barang kang ditindakake.

١٢ - وَإِذَا مَسَّ الْإِنسَانَ الضُّرُّ دَعَانَا لِجَنبِهِ أَوْ قَاعِدًا أَوْ قَائِمًا فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُ ضُرَّهُ مَرَّ كَأَن لَّمْ يَدْعُنَا إِلَىٰ ضُرٍّ مَّسَّهُ ۚ كَذَٰلِكَ زُيِّنَ لِلْمُسْرِفِينَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ○

Wa idzaa massal insaanadh dhurru da'aanaa lijambihii au qaa'idan au qaa-imaa, falammaa kasyafnaa 'anhu dhurrahuu marra ka-allam yad'unaa ilaa dhurrim massah, kadzaalik. zuyyina lilmusrifiina maa kaanuu ya'maluun.

13. Lan yekti Ingsun wus nyirnakake umat kuna kang sadurungira, ing nalika dheweke padha nganiaya, lan wus rawuh marang dheweke para UtusaNe kalawan ngampil katerangan-katerangan kang nyata, nanging dheweke ora padha gelem percaya, kaya mangkono iku anggon Ingsun males marang kaum kang padha duraka.

١٣ - وَلَقَدْ أَهْلَكْنَا الْقُرُونَ مِن قَبْلِكُمْ لَمَّا ظَلَمُوا وَجَاءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِالْبَيِّنَاتِ وَمَا كَانُوا لِيُؤْمِنُوا ۚ كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْقَوْمَ الْمُجْرِمِينَ ○

Walaqad ahlaknal quruuna min qablikum lammaa zhalamuu wa jaa-athum rusuluhum bil bayyinaati wamaa kaanuu liyu'minuu kadzaalika najzil qaumal mujrimiin.

14. Tumuli Ingsun banjur andadekake sira kabeh sesulih ana ing Bumi, sawuse dheweke padha disirnakake, perlune Ingsun priksa kapriye mungguh tindakira kabeh.

١٤ - ثُمَّ جَعَلْنَاكُمْ خَلَائِفَ فِي الْأَرْضِ مِن بَعْدِهِمْ لِنَنظُرَ كَيْفَ تَعْمَلُونَ ○

Tsumma ja'alnaakum khalaa-ifa fil ardhi mim ba'dihim linanzhura kaifa ta'maluun.

15. Lan manawa wong-wong mau diwacakake ayat-ayatIngsun, kang anerangake dhawuh lan larangan, wong-wong kang ora nga[illegible]rep-arep sowan madhep marang Ingsun, banjur ngucap: "Cobi panjenengan dhatengaken Al Quraan sanesipun punika, utawi panjenengan gantos". Dhawuha sira Muhammad: "Ora kena tumrap aku angganti Al Quraan iku saka karepe atiku dhewe, jalaran aku iki ora liya, kajaba ngestokake kabeh kang wus diwahyokake marang aku. Satemene aku wedi manawa nyulayani mung Pangeranku, kalawan siksa ana ing dina kang gedhe pakewuhe".

١٥ - وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ قَالَ الَّذِينَ لَا يَرْجُونَ
لِقَاءَنَا ائْتِ بِقُرْآنٍ غَيْرِ هَٰذَا أَوْ بَدِّلْهُ قُلْ مَا يَكُونُ
لِي أَنْ أُبَدِّلَهُ مِنْ تِلْقَاءِ نَفْسِي إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا يُوحَىٰ
إِلَيَّ إِنِّي أَخَافُ إِنْ عَصَيْتُ رَبِّي عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ○

Wa-idzaa tutlaa 'alaihim aayaatunaa bayyinaatin qaalal ladziina laa yarjuuna liqaa-ana'ti biqur-aanin ghairi haadzaa au baddilhu, qul maa yakuunu lii an ubaddilhu min tilqaa-ii nafsii, in attabi'u illaa maa yuuhaa ilayya innii akhaafu in 'ashaitu rabbii 'adzaaba yaumin 'azhiim.

16. Dhawuha sira Muhammad: "Manawa dadi keparenging karsane Allah, aku ora macakake Al Quraan marang sira, lan ora mangertekake marang sira kalawan Al Quraan iku. Satemene anggonku bebarengan kalawan sira suwene wis sak umurku, sadurunge Al Quraan iku diwahyokake marang aku, apa sira ora padha duwe 'akal?"

١٦ - قُلْ لَوْ شَاءَ اللَّهُ مَا تَلَوْتُهُ عَلَيْكُمْ وَلَا أَدْرَاكُمْ بِهِ ۖ
فَقَدْ لَبِثْتُ فِيكُمْ عُمُرًا مِنْ قَبْلِهِ ۖ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ○

Qul lau syaa-allaahu maa talautuhuu 'alaikum walaa adraakum bih, faqad labitstu fiikum 'umuram min qablih, afalaa ta'qiluun.

17. Mula sapa ta wong kang luwih nganiaya ngungkuli wong-wong kang padha gawe gegorohan diawadake saka ngarsane Allah, utawa wong kang maido ing ayat-ayate; satemene wong-wong kang padha dosa iku ora pisan-pisan oleh kabegjan.

١٧ - فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِآيَاتِهِ ۚ
إِنَّهُ لَا يُفْلِحُ الْمُجْرِمُونَ ○

Faman azhlamu mimmaniftaraa 'alallaahi kadziban au kadzdzaba bi-aayaatih, innahuu laa yuflihul mujrimiin.

18. Lan dheweke padha nyembah marang liyane Allah kang ora bisa gawe madlarat lan ora bisa aweh manfa'at marang dheweke, lan padha ngucap: "Sesembahan-sesembahan iku kang bakal nyafa'ati kita ana ing ngarsane Allah". Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira matur marang Allah perkara kang PanjenengaNe ora ngawuningani, ana ing Langit lan ugo ora nguningani ana ing Bumi?". Maha Suci Allah lan Maha Luhur saka apa bae kang disakuthokake dening wong-wong musyrik.

١٨ - وَيَعْبُدُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَضُرُّهُمْ وَلَا يَنْفَعُهُمْ
وَيَقُولُونَ هَٰؤُلَاءِ شُفَعَاؤُنَا عِنْدَ اللَّهِ ۚ قُلْ أَتُنَبِّئُونَ
اللَّهَ بِمَا لَا يَعْلَمُ فِي السَّمَاوَاتِ وَلَا فِي الْأَرْضِ ۚ سُبْحَانَهُ
وَتَعَالَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ○

Wa ya'buduuna min duunillaahi maa laa yadhurruhum walaa yanfa'uhum wa yaquuluuna haa-ulaa-i syufa'aaunaa 'indallaah, qul atunabbi-uunallaaha bimaa laa ya'lamu fissamaawaati walaa fil ardh, subhaanahuu wa ta'aalaa 'ammaa yusyrikuun.

Sanyata manungsa iku umat kang siji, kang ngrasuk Agama siji.

19. Lan ora liya manungsa iku ana ing wiwitane[495], kajaba umat kang siji, nanging banjur padha pasulayan. Saupama durung kedhisikan ana putusan saka Pangeranira karsa maringi tempo, yekti saiki uga diputus ing antarane wong-wong mau, bab perkara kang padha dipasulayakake.

١٩. وَمَا كَانَ النَّاسُ إِلَّا أُمَّةً وَاحِدَةً فَاخْتَلَفُوا وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِنْ رَبِّكَ لَقُضِيَ بَيْنَهُمْ فِيمَا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۝

Wamaa kaanan naasu illaa ummataw waahidatan fakhtalafuu, walau laa kalimatun sabaqat mir rabbika laqudhiya bainahum fiimaa fiihi yakhtalifuun.

495). "Para manungsa iku umat sawiji banjur padha gegesehan, tumuli Allah njumenengake para Nabi dadi Juru bebungah lan Juru pepeling. Lan Allah wus nurunake Kitab nartani para Nabi mau, perlu kanggo mancas perkara kang padha digesehake ana ing antarane para manungsa mau". Makaten makna ingkang kasebat ing Surat Al Baqarah: 213. Sesarengan kaliyan ayat: 19 Surat Yunus kasebat, wigatosipun katerangan makaten: ..... Kados sampun boten kekilapan malih menggahing para sarjana ingkang lebda ing kaweruh gesang sesrawungan (sociologie), bilih ing gesang sesrawungan punika perlu sanget kasebaraken piwucal sae, supados tumanem wonten ing manahipun satunggal-satunggaling tiyang ingkang minangka dados warganing gesang sasrawungan wau, boten saged badhe wonten tata lan tentrem, manawi watak lan kalakuwaning tetiyangipun boten sae (awon). Watak lan kalakuwanipun tiyang boten saged badhe sae, manawi manahipun tiyang wau boten lurus sarta budinipun boten jujur. Manah lan budinipun tiyang boten saged lurus lan jujur manawi tiyang wau boten kawulang utawi katuntun ing piwucal sae.

Dados tetela, bilih wonten ing gesang sasrawungan punika, perlu sanget kedah kasebaraken piwucal sae, supados saged nuwuhaken watak tuwin kalakuwan ingkang sae, ingkang salajengipun saged mahanani tata lan tentreming gesang sasrawungan wau. Awit saking punika, ing pundi-pundi Negari utawi Bangsa, bab piwucal sae wau tansah dados rembag lan dipun siyar-siyaraken sarana pinten-pinten reka lan mawarni-warni cara. Punapa dene ingkang tumrap lare, ingkang lare wau pancen calon dados warganing gesang sasrawungan ing tembe. Lare wau manahipun taksih lemes mjyar-miyur gampil katarik mrika-mriki utawi taksih empuk gampil katabetan dening barang-barang ingkang tinampi ing panca ndriyanipun langkung-langkung paningal lan pamirengipun.

Pramila wonten ing Negari ingkang samp''n tinata, prakawis pasinaon utawi panggulawenthahing lare punika, dados pepikulanipun Praja (Pamarentah), kalebet sesanggen ingkang wajib, tur salah satunggaling padamelan rutin (ajeg lastantunipun) ingkang ageng-agengan! Makaten sawatawis penafsiranipun Ki Bagus H. Hadikoesoema, ing Kitab Poestaka Hadi.

Manunggil ancas nanging misah ing ular-ularipun saking katerangan kasebat, kita ing Zaman Tehnologi-modern sapunika malah kedah langkung kenceng cepengan Agami sarta damel strategi-dhasar ingkang murakabi ing sadaya kabetahaning manungsa, wiwit indhil-indhil ing Taman Kanak-kanak/Bustanul Atfal ngantos dumugi ing Pawiyatan Luhur (Universitas) piwulang sarta dhidhikan Agami punika kedah dipun asta para Guru-Pandhidhik ingkang saged, sarta dipun santosani wragad dalah pirantos-pirantosipun. Jalaran Agami punika dados fitrah kabetahaning manungsa, utawi Agami punika sampun mengku dhateng hikmah sarta philosofie ingkang haqiqi (sejati), sarta piwulangipun gampil katampi ing tiyang kathah tur saged rumasuk ing manah. Menggahing tiyang ingkang taksih andhap kawruhipun, piwulangipun Agami wau inggih boten kinggilen, lan tumrap tiyang ingkang sampun inggil kaweruhipun, Agami wau inggih boten kirang memet inggilipun.

Dados sadhengah tiyang saged anggayuh dhateng piwulang Agami wau samurwatipun. Ingkang makaten punika kenging kanyatakaken ing diskusi-diskusi lan seminar-seminar zaman modern ingkang kagungan gegebengan "Pendidikan seumur hidup" lan "Pendidikan itu cabang dari Kebudayaan".

Menggah kita Bangsa Indonesia tujuan ambangun Nusa lan Bangsa punika makaten: "Bangsa Indonesia ing laladan ambangun Masyarakat gadhah pikajengan supados sesambetan antawisipun manungsa lan Tuhan (Pangeran), antawisipun sesamining manungsa sarta 'alam sakiwa-tengenipun, kaselarasan patembayan antawisipun Bangsa-Bangsa, lan ugi kaselarasan antawisipun idham-idhaman gesang ing Donya sarta karaharjan ing Akherat, sabab tujuan pungkasan Pambangunan Nasional punika sacara ringkes dipun sebat masyarakat majeng, adil lan makmur adhedhasar Pancasila".

Pramila andharan kita bab wigatosipun piwulang lan dhidhikan Agami kedah dipun santosani ingkang saestu, wonten ing Sekolahan, Madrasah, Pawiyatan Luhur, wonten ing Masyarakat, lan kedah ingkang langkung ageng rembagipun wonten Departemen-departemen, sarta ing Lembaga-lembaga Perwakilan Rakyat!

٢٠. وَيَقُولُونَ لَوْلَآ أُنزِلَ عَلَيْهِ ءَايَةٌ مِّن رَّبِّهِۦ ۖ فَقُلْ إِنَّمَا ٱلْغَيْبُ لِلَّهِ فَٱنتَظِرُوٓا۟ ۖ إِنِّى مَعَكُم مِّنَ ٱلْمُنتَظِرِينَ ۝

Wa yaquuluuna laulaa unzila 'alaihi aayatum mir rabbihii faqul innamal ghaiba lillaahi fantazhiruu, innii ma'akum minal muntazhiriin.

20. Lan dheweke padha ngucap: "Kena apa kok ora diturunake marang Nabi Muhammad ayate mu'jizat saka Pangerane?". Tumuli sira mangsulana: "Sanyata kang ghaib iku kagungane Allah Piyambak. Jalaran saka iku padha ngentenana, sanyatane aku uga bebarengan kalawan sira dadi golongane wong kang padha ngenteni!".

Tumindake Allah iku tansah paring ni'mat lah rakhmat.

٢١. وَإِذَآ أَذَقْنَا ٱلنَّاسَ رَحْمَةً مِّنۢ بَعْدِ ضَرَّآءَ مَسَّتْهُمْ إِذَا لَهُم مَّكْرٌ فِىٓ ءَايَاتِنَا ۚ قُلِ ٱللَّهُ أَسْرَعُ مَكْرًا ۚ إِنَّ رُسُلَنَا يَكْتُبُونَ مَا تَمْكُرُونَ ۝

Wa-idzaa adzaqnan naasa rahmatam mim ba'di dharraa-a massathum idzaa lahum makrun fii aayaatinaa, qulillaahu asra'u makraa, inna rusulanaa yaktubuuna maa tamkuruun..

21. Lan manawa Ingsun paring rasa kani'matan marang manungsa kang kafir sawuse dheweke padha kataman kasusahan, dumadakan dheweke banjur padha anggorohake, sarta anggeguyu ayat-ayatIngsun. Dhawuha sira Muhammad: "Allah kang luwih rikat panyiksane, sarta luwih abot piwalese". Sanyata para Malaikat utusaningsun padha nulisi kabeh pangreka-dayamu (kakafiran lan kama'siyatan).

٢٢. هُوَ ٱلَّذِى يُسَيِّرُكُمْ فِى ٱلْبَرِّ وَٱلْبَحْرِ ۖ حَتَّىٰٓ إِذَا كُنتُمْ فِى ٱلْفُلْكِ ۖ وَجَرَيْنَ بِهِم بِرِيحٍ طَيِّبَةٍ وَفَرِحُوا۟ بِهَا جَآءَتْهَا رِيحٌ عَاصِفٌ وَجَآءَهُمُ ٱلْمَوْجُ مِن كُلِّ مَكَانٍ وَظَنُّوٓا۟ أَنَّهُمْ أُحِيطَ بِهِمْ ۙ دَعَوُا۟ ٱللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ ۖ لَئِنْ أَنجَيْتَنَا مِنْ هَٰذِهِۦ لَنَكُونَنَّ مِنَ ٱلشَّٰكِرِينَ ۝

Huwal ladzii yusayyirukum fil barri wal bahr, hattaa idzaa kuntum fil fulk, wa jaraina bihim biriihin thayyibatiw wa farihuu bihaa jaa-athaa riihun 'aashifuw wajaa-ahumul mauju min kulli makaaniw wa zhannuu annahum uhiitha bihim da'awullaaha mukhlishiina lahuddiin, la-in anjaitanaa min haadzihii lanakuunanna minasy syaakiriin.

22. PanjenengaNe kang nglakokake sira ana ing dharatan lan segara. Bareng sira kabeh wus ana ing prahu, sarta wus layar kalawan momot wong kang padha nunggang lan angin pinuju anteng, dheweke padha bungah marga angine iku, dumadakan banjur katempuh angin gedhe, lan kasempyuh ombak kang gedhe saka sadhengah panggonan, sarta dheweke wus padha yakin yen bakal sangsara, dheweke banjur padha ndedonga marang Allah kalawan ikhlas 'Ibadah marang PanjenengaNe, ature: "Saupami Paduka milujengaken kita saking bilahi angin ingkang ageng punika, tamtu kita sadaya dados golonganipun tetiyang ingkang syukur!".

23. Ananging bareng wus Ingsun slametake, dumadakan dheweke banjur tumindak ala ana ing Bumi kalawan laku kang ora bener. He para manungsa! Satemene tindakmu kang ala madlarate (bebayane) marang awakmu dhewe. Lan iku bandha kauripan Donya, banjur marang Ingsun pribadi panggonan apa bae balinira kabeh, Ingsun banjur anjlentrehake marang sira apa bae kang wus padha sira tindakake.

٢٣- فَلَمَّآ اَنْجٰىهُمْ اِذَا هُمْ يَبْغُوْنَ فِى الْاَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ ؕ يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اِنَّمَا بَغْيُكُمْ عَلٰٓى اَنْفُسِكُمْ ۙ مَّتَاعَ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۫ ثُمَّ اِلَيْنَا مَرْجِعُكُمْ فَنُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Falammaa anjaahum idzaa hum yabghuuna fil ardhi bighairil haqq, yaa ayyuhan naasu innamaa baghyukum 'alaa anfusikum mataa'al hayaatid dunyaa tsumma ilainaa marji'ukum fanunabbi-ukum bimaa kuntum ta'maluun.

24. Sanyatane sanepane panguripan iku kaya banyu kang Ingsun turunake saka Langit, tetuwuhan Bumi banjur campur kalawan banyu iku wiwit kang sok dipangan dening manungsa, lan kewan, sahingga manawa Bumi wus ngatonake pepaes kabecikan sarta kaendahane kalawan tetuwuhane, kang duwe Bumi (sanak tani) iku banjur ngira yen dheweke yekti bisa metokake wohwohane. Sawuse mangkono, siksanIngsun banjur teka ngrusak tetanduran mau, ana ing wayah bengi utawa rina, tetanduran mau banjur Ingsun dadekake kaya kang wus dieneni, kaya-kaya dhek wingi ora ana kedadeyan apa-apa. Mangkono iku Ingsun nerangake ayat tandha yekti kuasanIngsun tumrap wong-wong kang gelem mikir.

٢٤- اِنَّمَا مَثَلُ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا كَمَآءٍ اَنْزَلْنٰهُ مِنَ السَّمَآءِ فَاخْتَلَطَ بِهٖ نَبَاتُ الْاَرْضِ مِمَّا يَاْكُلُ النَّاسُ وَالْاَنْعَامُ ؕ حَتّٰٓى اِذَآ اَخَذَتِ الْاَرْضُ زُخْرُفَهَا وَازَّيَّنَتْ وَظَنَّ اَهْلُهَآ اَنَّهُمْ قٰدِرُوْنَ عَلَيْهَآ ۙ اَتٰىهَآ اَمْرُنَا لَيْلًا اَوْ نَهَارًا فَجَعَلْنٰهَا حَصِيْدًا كَاَنْ لَّمْ تَغْنَ بِالْاَمْسِ ؕ كَذٰلِكَ نُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ ۝

Innamaa matsalul hayaatid-dunyaa kamaa-in anzalnaahu minassamaa-i fakhtalatha bihii nabaatul ardhi mimmaa ya'kulunnaasu wal an'aam, hattaa idzaa akhadzatil ardhu zukhrufahaa wazzayyanat wazhanna ahluhaa annahum qaadiruuna 'alaihaa ataahaa amrunaa lailan au nahaaran faja'alnaahaa hashiidan kaallam taghna bil ams, kadzaalika nufashshilul aayaati liqaumiy yatafakkaruun.

Allah kang nimbali marang Darussalam (Suwarga).

25. Lan Allah iku kang nimbali manungsa marang Darussalam (Suwarga) lan PanjenengaNe nuduhake wong kang dadi kaparenging karsane marang dalan (Agama) kang bener.

٢٥- وَاللّٰهُ يَدْعُوْٓا اِلٰى دَارِ السَّلٰمِ ؕ وَيَهْدِىْ مَنْ يَّشَآءُ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Wallaahu yad'uu ilaa daaris salaam, wa yahdii may yasyaa-u ilaa shiraatim mustaqiim.

26. Tumrap wong-wong kang tumindak becik, entuk piwales ganjaran becik, lan tambahan ganjaran, sarta rai-raine ora reged gupak lebu, lan ora asor. Wong kang mengkono mau ahli Suwarga, ana ing kono padha langgeng.

٢٦- لِلَّذِيْنَ اَحْسَنُوا الْحُسْنٰى وَ زِيَادَةٌ ؕ وَلَا يَرْهَقُ وُجُوْهَهُمْ قَتَرٌ وَّلَا ذِلَّةٌ ؕ اُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ الْجَنَّةِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Lilladziina ahsanul husnaa wa ziyaadah, walaa yarhaqu wujuuhahum qataruw wa laa dzillah, ulaa-ika ash-haabul jannah, hum fiihaa khaaliduun.

27. Dene wong-wong kang padha nindakake laku ala, sayekti entuk piwales ala kang satimbang, sarta rai-raine reged katutup dening kaasoran. Ora ana kang bisa anjaga saka siksane Allah, sarta raine ireng kaya dene katutup dening irenging wengi kang peteng ndhedhet. Wong kang mangkono iku ahli Neraka, ana ing kono padha langgeng.

٢٧- وَالَّذِيْنَ كَسَبُوا السَّيِّاٰتِ جَزَآءُ سَيِّئَةٍ بِمِثْلِهَا ۙ وَ تَرْهَقُهُمْ ذِلَّةٌ ؕ مَا لَهُمْ مِّنَ اللّٰهِ مِنْ عَاصِمٍ ۚ كَاَنَّمَآ اُغْشِيَتْ وُجُوْهُهُمْ قِطَعًا مِّنَ الَّيْلِ مُظْلِمًا ؕ اُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ النَّارِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Walladziina kasabus sayyi-aati jazaa-u sayyi-atim bimitslihaa wa tarhaquhum dzillah, maa lahum minallaahi min 'aashim, ka-annamaa ughsyiyat wujuuhuhum qitha'am minallaili muzhlimaa, ulaa-ika ash-haabun naar, hum fiihaa khaaliduun.

28. Lan ana ing dinane Ingsun ngumpulake wong-wong mau kabeh, Ingsun banjur paring dhawuh marang wong-wong musyrik: "Sira kudu tetep kalawan brahala-brahala kang sira sembah-sembah ana ing panggon anira", Ingsun banjur milah antarane kang nyembah lan kang disembah, dene kang disembah ngucap: "Sira ora padha nyembah marang aku".

٢٨- وَيَوْمَ نَحْشُرُهُمْ جَمِيْعًا ثُمَّ نَقُوْلُ لِلَّذِيْنَ اَشْرَكُوْا مَكَانَكُمْ اَنْتُمْ وَشُرَكَآؤُكُمْ ۚ فَزَيَّلْنَا بَيْنَهُمْ وَ قَالَ شُرَكَآؤُهُمْ مَّا كُنْتُمْ اِيَّانَا تَعْبُدُوْنَ ۝

Wa yauma nahsyuruhum jamii'an tsumma naquulu lilladziina asyrakuu makaanakum antum wa syurakaa-ukum, fazayyalnaa bainahum wa qaala syurakaa-uhum maa kuntum iyyaanaa ta'buduun.

29. Cukup kalawan Allah piyambak kang nekseni antaraku lan antaramu, manawa nyata aku marang ngibadahmu sayekti wis lali.

٢٩- فَكَفٰى بِاللّٰهِ شَهِيْدًا بَيْنَنَا وَ بَيْنَكُمْ اِنْ كُنَّا عَنْ عِبَادَتِكُمْ لَغٰفِلِيْنَ ۝

Fakafaa billaahi syahiidam bainanaa wa bainakum in kuntum 'an 'ibaadatikum laghaafiliin.

30. Ana ing papan (ara-ara Mahsar) iku, kabeh awak padha ngrasakake piwales saka apa bae kang wus dilakoni biyen, lan dheweke padha dibalekake sowan marang ngarsaning Allah, PangeraNe kang haq, sarta ilang kabeh saka dheweke kabeh kang digawe-gawe nalika ana ing Donya.

٣٠. هُنَالِكَ تَبْلُوْا كُلُّ نَفْسٍ مَّآ اَسْلَفَتْ وَرُدُّوْٓا اِلَى اللّٰهِ مَوْلٰىهُمُ الْحَقِّ وَضَلَّ عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ۝

Hunaalika tabluu kullu nafsim maa aslafat warudduu ilallaahi maulaahumul haqqi wa dhalla 'anhum maa kaanuu yaftaruun.

Dalih kapercayaane wong musyrik kalah dening Panguwasane Allah.

31. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa kang paring rezeki marang sira saka Langit lan Bumi? Utawa sapa kang Kuwasa nyipta pangrungu lan pandeleng? Lan sapa kang bisa ngetokake kang urip saka kang mati? Lan sapa kang bisa ngetokake kang mati saka kang urip? Lan sapa bisa ngatur sakabehing urusan?[496] Dheweke bakal anjawab: "Allah". Sawuse mangkono, dhawuha sira: "Kena apa sira ora wedi/tundhuk marang PanjenengaNe?".

٣١. قُلْ مَنْ يَّرْزُقُكُمْ مِّنَ السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ اَمَّنْ يَّمْلِكُ السَّمْعَ وَالْاَبْصَارَ وَمَنْ يُّخْرِجُ الْحَيَّ مِنَ الْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَيِّ وَمَنْ يُّدَبِّرُ الْاَمْرَ ۗ فَسَيَقُوْلُوْنَ اللّٰهُ ۚ فَقُلْ اَفَلَا تَتَّقُوْنَ ۝

Qul may yarzuqukum minas samaa-i wal ardhi ammay yamlikus sam'a wal-abshaara wamay yukhrijul hayya minal mayyiti wa yukhrijul mayyita minal hayyi wamay yudabbirul amr, fasayaquuluunallaah, faqul afalaa tattaquun.

32. Lah Zat kang nyipta sakabening perkara iku, Allah Pangeranira kang sabenere (haq), mula ora ana sawuse kang bener (haq) iku kajaba mung sasar, geneya teka sira kabeh nganti arep disimpangake saka haq marang sasar?

٣٢. فَذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمُ الْحَقُّ ۚ فَمَاذَا بَعْدَ الْحَقِّ اِلَّا الضَّلٰلُ ۚ فَاَنّٰى تُصْرَفُوْنَ ۝

Fadzaalikumullaahu rabbukumul haqq, famaadzaa ba'dal haqqi illadh dhalaal, fa-annaa tushrafuun.

33. Mangkono wus tetep taqdire Pangeranira tumrap wong-wong kang padha fasik (wong kang ngliwati wates), jalaran satemene dheweke padha ora bakal iman.

٣٣. كَذٰلِكَ حَقَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ عَلَى الَّذِيْنَ فَسَقُوْٓا اَنَّهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

Kadzaalika haqqat kalimatu rabbika 'alal ladziina fasaquu annahum laa yu'minuun

496). Kados gilir gumantosipun Bangsa ngasta panguwaos politik sarta ekonomi punika cetha sanget namung wonten astaning Allah, tegesipun lumampah wonten hukum Qodrat-Iradating Allah, utawi luhur lan asoripun Bangsa sabab dening mentalipun! Pramila para Pemimpin boten kenging adigang adigung adiguna, ananging tumindaka ingkang adil, dadosa conto ingkang prasaja, lan tansah enget sarta syukur ing Allah!

34. Dhawuha sira Muhammad: "Apa ana sakuthon-sakuthonira kang bisa miwiti nyipta makhluk, banjur ambalekake maneh sawuse matine?". Sira dhawuha maneh: "Hiya PanjenengaNe iku Allah kang miwiti nyipta makhluk. PanjenengaNe nuli ambalekake urip maneh, sawuse matine. Geneya sira kabeh andadak gelem disimpangake saka dedalan kang bener?

٣٤- قُلْ هَلْ مِنْ شُرَكَآئِكُمْ مَّنْ يَّبْدَؤُا الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيْدُهٗ ۭ قُلِ اللّٰهُ يَبْدَؤُا الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيْدُهٗ فَاَنّٰى تُؤْفَكُوْنَ ۝

Qul hal min syurakaa-ikum may yabda-ul khalqa tsumma yu'iiduh, qulillaahu yabda-ul khalqa tsumma yu'iiduhuu fa-annaa tu'fakuun.

35. Dhawuha sira Muhammad: "Apa ana sakuthon-sakuthonira kang bisa nuduhake (mimpin) marang dedalan kang bener? Apa kang kuwasa nuduhake (mimpin) marang kabeneran iku kang kudu didherek, utawa apa kang ora bisa mimpin (nuduhake), malah dipimpin (dituduhake)? Kena apa sira tumindak mangkono? Kapriye anggonira padha gawe kaputusan?

٣٥- قُلْ هَلْ مِنْ شُرَكَآئِكُمْ مَّنْ يَّهْدِيْٓ اِلَى الْحَقِّ ۭ قُلِ اللّٰهُ يَهْدِيْ لِلْحَقِّ ۭ اَفَمَنْ يَّهْدِيْٓ اِلَى الْحَقِّ اَحَقُّ اَنْ يُّتَّبَعَ اَمَّنْ لَّا يَهِدِّيْٓ اِلَّآ اَنْ يُّهْدٰى ۚ فَمَا لَكُمْ كَيْفَ تَحْكُمُوْنَ ۝

Qul hal min syurakaa-ikum may yahdii ilal haqq, qulillaahu yahdii lilhaqq, afamay yahdii ilal haqqi ahaqqu ay yuttaba'a ammal laa yahdii illaa ay yuhdaa, famaa lakum kaifa tahkumuun.

36. Lan akeh-akehe wong musyrik iku ora bangun turut, kajaba mung panyana bae, mangka sanyatane panyana (kira-kira) iku sathithik bae ora bisa ngalahake kabeneran,[497] satemene Allah iku Maha Nguningani ing barang kang padha ditindakake.

٣٦- وَمَا يَتَّبِعُ اَكْثَرُهُمْ اِلَّا ظَنًّا ۭ اِنَّ الظَّنَّ لَا يُغْنِيْ مِنَ الْحَقِّ شَيْـــًٔا ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلِيْمٌۢ بِمَا يَفْعَلُوْنَ ۝

Wamaa yattabi'u aktsaruhum illaa zhannaa, innazh zhanna laa yughnii minal haqqi syai-aa, innallaaha 'aliimum bimaa yaf'aluun.

Kamurnening Quraan ditanggung dening Allah.

37. Lan ora mungkin Al Quraan iki digawe dening liyane Allah, (tumuruning Al Quraan saka ngarsaning Allah) iku kanggo ambenerake Kitab-Kitab kang luwih dhisik tumurune, lan mratelakake kabeh kang wus ditetepake dening Allah perkara hukum-hukum. Kitab kang ora kamamangan maneh

٣٧- وَمَا كَانَ هٰذَا الْقُرْاٰنُ اَنْ يُّفْتَرٰى مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلٰكِنْ تَصْدِيْقَ الَّذِيْ بَيْنَ يَدَيْهِ وَتَفْصِيْلَ الْكِتٰبِ لَا رَيْبَ فِيْهِ مِنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

497). Satunggaling perkawis punika kemawon ingkang namung adhedhasar panyana punika boten saged sami kaliyan ingkang dhasaripun keyakinan.

ana ing Quraan iku, terang saka ngarsaning PangeraNe 'alam kabeh.[498]

Wamaa kaana haadzal qur-aanu ay yuftaraa min duunillaahi walaakin tashdiiqal ladzii baina yadaihi wa tafshiilal kitaabi laa raiba fiihi mir rabbil 'aalamiin.

38. Utawa, apa pantes dheweke ngucap: "Gaweyane Muhammad Quraan iku!". Dhawuha sira: "Manawa bener apa kang sira ucapake iku, mara coba gaweya tekakna surat siji bae kang madhani, lan undangen sapa bae kang bisa gawe (surat) saliyane Allah, manawa sira iku wong kang bener!".

٣٨. أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَىٰهُ ۖ قُلْ فَأْتُوا بِسُورَةٍ مِّثْلِهِ وَادْعُوا مَنِ اسْتَطَعْتُم مِّن دُونِ اللَّهِ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ۝

Am yaquuluunaftaraah, qul fa'tuu bisuuratim mitslihii wad'uumanistatha'tum min duunillaahi in kuntum shaadiqiin.

39. Kang sanyatane, wong-wong iku dhewe kang malah anggorohake Al Quraan, kang durung dingerteni temenan, lan dheweke durung katekanan katerangan kang kasebut ing Quraan. Mangkono uga wong-wong kang sadurunge wus padha anggorohake. Mara delengen, kapriye mungguh wekasane wong-wong kang nganiaya.

٣٩. بَلْ كَذَّبُوا بِمَا لَمْ يُحِيطُوا بِعِلْمِهِ وَلَمَّا يَأْتِهِمْ تَأْوِيلُهُ ۚ كَذَٰلِكَ كَذَّبَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَانظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الظَّالِمِينَ ۝

Bal kadzdzabuu bimaa lam yuhiithuu bi'ilmihii walammaa ya'tihim ta'wiiluh, kadzaalika kadzdzabal ladziina min qablihim fanzhur kaifa kaana 'aagibatuzh zhaalimiin.

40. Lan sawenehe wong-wong mau (umat Muhammad) ana kang percaya iman marang Quraan, lan sawenehe maneh ana kang ora gelem iman. Dene Pangeranira iku luwih Nguningani marang wong-wong kang gawe rusak.

٤٠. وَمِنْهُم مَّن يُؤْمِنُ بِهِ وَمِنْهُم مَّن لَّا يُؤْمِنُ بِهِ ۚ وَرَبُّكَ أَعْلَمُ بِالْمُفْسِدِينَ ۝

Waminhum may yu'minu bihii wa minhum mallaa yu'minu bih, wa rabbuka a'lamu bilmufsidiin.

41. Lan manawa dheweke padha maido ing sira Muhammad, sira dhawuha: "Kanggo aku 'amalku, lan kanggo sira 'amalira, sira kabeh resik ora gegayutan karo kang dak tindakake, lan aku uga resik ora gegayutan karo kang padha sira tindakake!".[499]

٤١. وَإِن كَذَّبُوكَ فَقُل لِّي عَمَلِي وَلَكُمْ عَمَلُكُمْ ۖ أَنتُم بَرِيئُونَ مِمَّا أَعْمَلُ وَأَنَا بَرِيءٌ مِّمَّا تَعْمَلُونَ ۝

498). Kitab Quraan punika wahyu dhawuhing Allah inkang dipun ampil Malaikat Jibril kadhawuhaken dhateng Gusti panutan K.N. Muhammad s.a.w., angewrat kasunyataan utawi kaleresan, supados kangge pitedah utawi tuntunan anggenipun badhe ngentas para manungsa saking jagad pepeteng dhateng 'alam papadhang, saking margining syetan dhateng Agamining Pangeran Ingkang Maha Wikan. Pramila Al-Quraan punika wajib dipun estokaken lan dipun ugemi dhadhawuhanipun, langkung-langkung tumraping tetiyang ingkang sumedya badhe anggayuh kawilujengan ing Donya dumugi ing Akherat!

499). Satunggal-satunggaling pribadi punika tanggel jawab piyambak-piyambak, tiyang boten 'amal utawi tumindak punapa-punapa, inggih boten angsal ganjaran punapa-punapa! Piwulang ing Quraan (Islam) boten wonten: "Suwarga nunut, neraka katut!". Pramila sumonggo sami ngathah-ngathahaken 'amal kesaenan mumpung gesang wonten ing 'alam Donya. Eman, yen boten!.

Wa-in kadzdzabuuka faqul lii 'amalii wa lakum 'amalukum, antum barii-uuna mimmaa a'malu wa ana barii-um mimmaa ta'maluun.

42. Lan sawenehe wong-wong mau ana kang ngrungokake piwulang sira. Apa sira kuwasa menehi pangrungu marang wong budheg, (tur saliyane budheg) dheweke pancen ora gelem ngerti?

٤٢- وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّسْتَمِعُوْنَ اِلَيْكَ ۗ اَفَاَنْتَ تُسْمِعُ الصُّمَّ وَلَوْ كَانُوْا لَا يَعْقِلُوْنَ ۝

Waminhum may yastami'uuna ilaik, afa-anta tusmi'ush shumma walau kaanuu laa ya'qiluun.

43. Lan sawenehe wong-wong mau ana kang andeleng marang sira. Apa sira kuwasa menehi pituduh marang wong kang wuta atine, tur saliyane wuta, dheweke pancen ora duwe karep andeleng?

٤٣- وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّنْظُرُ اِلَيْكَ ۗ اَفَاَنْتَ تَهْدِى الْعُمْىَ وَلَوْ كَانُوْا لَا يُبْصِرُوْنَ ۝

Waminhum may yanzhuru ilaik, afa-anta tahdil 'umya walau kaanuu laa yubshiruun.

44. Satemene Allah iku ora pisan-pisan nganiaya marang manungsa, ananging manungsa kang nganiaya awake dhewe.

٤٤- اِنَّ اللّٰهَ لَا يَظْلِمُ النَّاسَ شَيْـًٔا وَّلٰكِنَّ النَّاسَ اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ۝

Innallaaha laa yazhlimun naasa syai-aw walaakinnan naasa anfusahum yazhlimuun.

45. Lan ana ing titiwanci dinane Allah ngumpulake wong-wong kafir, pangrasane kaya-kaya dheweke iku durung tau manggon ing Donya kajaba mung lagi saejam ing waktu awan, ing waktu iku dheweke isih padha-dene kelingan tepung karo kancane. Yekti kapitunan wong-wong kang anggorohake kanyataan yaiku madhep sowan ngarsaning Allah, lan dheweke ora pisan-pisan oleh pituduh.

٤٥- وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ كَاَنْ لَّمْ يَلْبَثُوْٓا اِلَّا سَاعَةً مِّنَ النَّهَارِ يَتَعَارَفُوْنَ بَيْنَهُمْ ۗ قَدْ خَسِرَ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِلِقَآءِ اللّٰهِ وَمَا كَانُوْا مُهْتَدِيْنَ ۝

Wayauma yahsyuruhum ka-allam yalbatsuu illaa saa'atam minan nahaari yata-'aarafuuna bainahum, qad khasiral ladziina kadzdzabuu biliqaa-illaahi wamaa kaanuu muhtadiin.

46. Manawa Ingsun meruhake sira Muhammad ing siksa kang wus Ingsun ancamake marang wong-wong iku, utawa Ingsun nyampurnakake (wafatira), sadurunge sira diweruhake 500) ing siksane wong-wong mau, marang Ingsun pribadi panggonaning baline wong-wong iku. Allah dadi saksi marang perkara kang padha ditindakake.

٤٦- وَاِمَّا نُرِيَنَّكَ بَعْضَ الَّذِىْ نَعِدُهُمْ اَوْ نَتَوَفَّيَنَّكَ فَاِلَيْنَا مَرْجِعُهُمْ ثُمَّ اللّٰهُ شَهِيْدٌ عَلٰى مَا يَفْعَلُوْنَ ۝

Wa-immaa nuriyannaka ba'dhal ladzii na-'iduhum au natawaffayannaka fa-ilainaa marji'uhum tsummallaahu syahiidun 'alaa maa yaf'aluun.

500). Benjing ing dinten Qiyamat.

47. Lan tumrap saben-saben umat anduweni Utusan,[501] manawa Utusane wus rawuh, nuli ing antarane wong-wong mau diputus kalawan hukum kang adil, lan dheweke ora padha dikaniaya.

٤٧- وَلِكُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولٌ ۚ فَإِذَا جَاءَ رَسُولُهُمْ قُضِيَ بَيْنَهُم بِالْقِسْطِ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ۝

Walikulli ummatir rasuul, fa-idzaa jaa-a rasuuluhum qushiya bainahum bilqisthi wahum laa yuzhlamuun.

48. Lan dheweke padha matur: "Benjing punapa dhatengipun ancaman siksa punika, manawi panjenengan pancen golonganipun tetiyang ingkang leres?".

٤٨- وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ۝

Wa yaquuluuna mataa haadzal wa'du in kuntum shaadiqiin.

49. Dhawuha sira Muhammad: "Aku ora kuwasa nulak bebaya kang ngenani awakku, ora bisa nekakake manfa'at, kajaba miturut karsaning Allah. Saben-saben umat iku ana katamtuan ajale, manawa wus tekaning mangsane, saejam bae dheweke ora bisa nyuwun diundurake lan ora bisa nyuwun diajokake".

٤٩- قُل لَّا أَمْلِكُ لِنَفْسِي ضَرًّا وَلَا نَفْعًا إِلَّا مَا شَاءَ اللَّهُ ۗ لِكُلِّ أُمَّةٍ أَجَلٌ ۚ إِذَا جَاءَ أَجَلُهُمْ فَلَا يَسْتَأْخِرُونَ سَاعَةً وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ ۝

Qul laa amliku linafsii dharraw walaa naf'an illaa maa syaa-allaah, likulli ummatin ajal, idzaa jaa-a ajaluhum falaa yasta'khiruuna saa'ataw walaa yastaqdimuun.

50. Dhawuha sira Muhammad: "Kapriye pamawasira, manawa siksane Allah kang nggegirisi iku wus teka marang sira ana ing wayah wengi, utawa rina. Apa wong-wong kang dosa iku isih nyuwun enggal-enggal tekane siksa?

٥٠- قُلْ أَرَأَيْتُمْ إِنْ أَتَاكُمْ عَذَابُهُ بَيَاتًا أَوْ نَهَارًا مَّاذَا يَسْتَعْجِلُ مِنْهُ الْمُجْرِمُونَ ۝

Qul ara-aitum in ataakum 'adzaabuhuu bayaatan au nahaaram maadzaa yasta'jilu minhul mujrimiin.

51. Apa sawuse siksa iku tumiba, sira banjur padha gelem iman? Apa saiki iki sira wis padha iman temenan? ing mangka sadurunge, sira padha ngarep-arep enggalling tekane siksa".

٥١- أَثُمَّ إِذَا مَا وَقَعَ آمَنتُم بِهِ آلْآنَ وَقَدْ كُنتُم بِهِ تَسْتَعْجِلُونَ ۝

Atsumma idzaa maa waqa'a aamantum bih, al-aana waqad kuntum bihii tasta'jiluun.

501). Para andika Nabi Utusaning Allah punika kawula kakasihipun ingkang winedharan Wahyu dhawuhipun. Wahyu wau supados kadhawuhaken dhateng umatipun perlu kangge ibadah lan mlampah sowan ing ngersaning Allah. Panjenenganipun punika priyantun ingkang cekap 'aqalipun, wiyar nalaripun, wening tur luhur budinipun sarta suci panggalihipun. Pangandikanipun temen boten nate dora, tindakipun jujur boten nate culika, tur setya tuhu anggelaraken dhawuhing Wahyu wau, nadyan ngantos dumugining seda, muhung karana Allah Gusti Ingkang Maha Mulya. Pramila panjenenganipun wau wajib dipun estokaken piwulangipun, dipun dherek pitedahipun, lan dipun tulad watak-wantunipun! Menggahing para ahli Sejarah lan Sosiologi kagungan pamanggih saben Bangsa punika ing pendhak satus tahun jumedhul pemimpin Nasional ingkang mandhegani perjoangan sarta pembangunan Bangsa, rak makaten ta? Nyumanggakaken para sutrisna!

52. Wasana banjur didhawuhake marang wong-wong kang nganiaya: "Padha rasakna siksa kang langgeng iku. Rak iya ta, sira ora padha diwales, kajaba mung samurwat karo kabeh kang padha sira tindakake".

٥٢. ثُمَّ قِيْلَ لِلَّذِيْنَ ظَلَمُوْا ذُوْقُوْا عَذَابَ الْخُلْدِ ۚ هَلْ تُجْزَوْنَ اِلَّا بِمَا كُنْتُمْ تَكْسِبُوْنَ ۝

Tsumma qiila lilladziina zhalamuu dzuuquu 'adzaabal khuldi, hal tujzauna illaa bimaa kuntum taksibuun.

53. Lan dheweke padha nyuwun katerangan marang sira Muhammad: "Punapa siksa punika sayektos?". Sira dhawuha: "Hiya nyata, Demi Pangeranku, yen satemene iku nyata bener, sarta sira kabeh ora bisa oncat saka siksa iku".

٥٣. وَيَسْتَنْبِـُٔوْنَكَ اَحَقٌّ هُوَ ۭ قُلْ اِيْ وَرَبِّيْٓ اِنَّهٗ لَحَقٌّ ۭ وَمَآ اَنْتُمْ بِمُعْجِزِيْنَ ۝

Wa yastambi-uunaka ahaqqun huwa, qul ii-warabbii innahuu lahaqq, wamaa antum bimu'jiziin.

Kaduwunging manungsa ana ing Akherat.

54. Lan saupama saben-saben wong kang zhalim (musyrik) iku anduweni kabeh barang kang ana ing Bumi, mesthi kanggo nebus dosane, ing dina Qiyamat, lan para panggedhene wong kafir nalika sumurup siksane padha ngumpetake kaduwunging awake aja nganti kawistara saka kaum-kaume kang padha bodo, lan ana ing antarane wong-wong mau diputusi kalawan hukum kang adil, lan dheweke ora padha dianiaya.

٥٤. وَلَوْ اَنَّ لِكُلِّ نَفْسٍ ظَلَمَتْ مَا فِي الْاَرْضِ لَافْتَدَتْ بِهٖ ۭ وَاَسَرُّوا النَّدَامَةَ لَمَّا رَاَوُا الْعَذَابَ ۚ وَقُضِيَ بَيْنَهُمْ بِالْقِسْطِ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ۝

Walau anna likulli nafsin zhalamat maa fil ardhi laftadatbih, wa asarrun nadaamata lammaa ra-awul 'adzaab, wa qudhiya bainahum bilqisthi wahum laa yuzhlamuun.

55. Elinga! Sanyata kabeh kang ana ing Langit lan Bumi iku kagungane Allah. Elinga! Janjine Allah iku nyata, nanging akeh-akehe wong iku kok ora padha mangerti.

٥٥. اَلَآ اِنَّ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۭ اَلَآ اِنَّ وَعْدَ اللّٰهِ حَقٌّ وَّلٰكِنَّ اَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Alaa inna lillaahi maa fissamaawaati wal ardh, alaa inna wa'dallaahi haqqun walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

56. PanjenengaNe Allah iku kang nguripi, lan kang mateni, lan mung marang PanjenengaNe piyambak, sira kabeh bakal disowanake bali.

٥٦. هُوَ يُحْيٖ وَيُمِيْتُ وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ۝

Huwa yuhyii wa yumiitu wa ilaihi turja'uun.

57. He para manungsa! Sanyata sira kabeh wus katekanan pepeling, yaiku Quraan, saka Pangeranira: dadi tamba kang marasake lelara (bodho) kang ana ing ati, sarta dadi pituduh lan rahmat tumrap wong-wong kang padha iman.[502]

٥٧ - يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدْ جَآءَتْكُم مَّوْعِظَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ وَشِفَآءٌ لِّمَا فِى ٱلصُّدُورِ وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ ٥

Yaa ayyuhan naasu qad jaa-atkum mau-'izhatum mir rabbikum wa syifaa-ul limaa fishshuduur, wahudaw warahmatul lilmu'miniin.

58. Dhawuha sira Muhammad: "Tumuruning Quraan iku yekti kalawan kanugrahane Allah, lan rahmaTe", jalaran saka iku sira padha bungaha, lan hiya iku kang luwih becik tinimbang barang kang padha dikumpulake.

٥٨ - قُلْ بِفَضْلِ ٱللَّهِ وَبِرَحْمَتِهِۦ فَبِذَٰلِكَ فَلْيَفْرَحُوا۟ هُوَ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ٥

Qul bifadhlillaahi wabirahmatihii fabidzaalika falyafrahuu huwa khairum mimmaa yajma'uun.

59. Dhawuha sira Muhammad: "Kapriye pamawasira, kabeh rezeki kang wus diturunake dening Allah tumrap sira, nuli sabagean sira haramake lan sabageyan sira halalake". Sira dhawuha maneh: "Apa Allah kang ngidzini kaya mangkono mau marang sira kabeh, utawa sira dhewe kang padha gawe gegorohan marang Allah?".

٥٩ - قُلْ أَرَءَيْتُم مَّآ أَنزَلَ ٱللَّهُ لَكُم مِّن رِّزْقٍ فَجَعَلْتُم مِّنْهُ حَرَامًا وَحَلَٰلًا قُلْ ءَآللَّهُ أَذِنَ لَكُمْ أَمْ عَلَى ٱللَّهِ تَفْتَرُونَ ٥

Qul ara-aitum maa anzalallaahu lakum mir rizqin faja'altum minhu haraamaw wa halaalan, qul Aallaahu adzina lakum am 'alallaahi taftaruun.

60. Lan apa panyanane wong-wong kang gawe-gawe gegorohan marang Allah ing dina Qiyamat iku ora disiksa? Sanyatane Allah iku kang nyata-nyata kagungan kanugrahan diparingake marang manungsa, ananging akeh-akehe manungsa iku ora padha syukur ing PanjenengaNe.

٦٠ - وَمَا ظَنُّ ٱلَّذِينَ يَفْتَرُونَ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَذُو فَضْلٍ عَلَى ٱلنَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَشْكُرُونَ ٦٠

Wamaa zhannul ladziina yaftaruuna 'alallaahil kadziba yaumal qiyaamah, innallaaha ladzuu fadhlin 'alan naasi walaakinna aktsarahum laa yasykuruun.

---

502). Tumrapipun tetiyang Mukmin, ngugemi Kitabing Allah punika pancen sampun dados kuwajiban saha pangesthinipun. Awit, dhasaring kayaqinanipun anggadhahi kapitadosan inggih namung saking Kitab Wahyuning Allah wau, ingkang saged dados pepadhang utawi pitedahipun, ingkang badhe nenuntun dhateng margining kabegjan ing Donya lan Akheratipun. Kosok wangsulipun, manawi tetiyang Mukmin boten purun gegondhelan Kitab dhawuhing Allah, nama boten nglenggahi pangandel tuwin kayakinanipun, ing wusana badhe boten saged guyub rukun golong gilig dados satunggal, perbawanipun ical, sami nggega pikajenganipun piyambak-piyambak, boten wangsul mawi wawaton ingkang gumathok saking Al-Quraan malih. Dhuh para sutrisna sumangga samia wangsul gegondhelan lan ndherek dhawuh Wahyuning Allah Al-Quraanul karim!
Menggah donganipun makaten: "Rabbanaa innanaa . . . . . (kasebat ing surat Ali 'Imraan ayat: 193 - 194).

Kabeh tumindake manungsa iku tansah kapriksan dening Allah s.w.t.

61. Lan sira Muhammad ora ana ing sawijining prakara, lan sira ora pisan-pisan macakake saayat Quraan, lan sira uga ora pisan-pisan nindakake 'amal, kajaba Ingsun kang anekseni sira nalika nindakake 'amal 'amal iku. Lan ora ana kang samar tumrap Pangeranira sanajana mung sasemut ireng gedhene kang ana ing Bumi, lan kang ana ing Langit, apadene ora ana kang luwih cilik, lan kang luwih gedhe tinimbang iku kabeh, kajaba kabeh mau wis katulis ana ing Kitab kang nyata, yaiku Lauhil Mahfudz.

٦١- وَمَا تَكُوْنُ فِيْ شَأْنٍ وَّمَا تَتْلُوْا مِنْهُ مِنْ قُرْاٰنٍ وَّ
لَا تَعْمَلُوْنَ مِنْ عَمَلٍ اِلَّا كُنَّا عَلَيْكُمْ شُهُوْدًا اِذْ تُفِيْضُوْنَ
فِيْهِ وَمَا يَعْزُبُ عَنْ رَّبِّكَ مِنْ مِّثْقَالِ ذَرَّةٍ فِي الْاَرْضِ
وَلَا فِي السَّمَآءِ وَلَآ اَصْغَرَ مِنْ ذٰلِكَ وَلَآ اَكْبَرَ اِلَّا
فِيْ كِتٰبٍ مُّبِيْنٍ ۝

Wamaa takuunu fii sya'niw wamaa tatluu minhu min qur-aaniw walaa ta'maluuna min 'amalin illaa kunnaa 'alaikum syuhuudan idz tufiidhuuna fiih, wamaa ya'zubu 'ar rabbika mim mitsqaali dzarratin fil ardhi walaa fis-samaa-i walaa ash-ghara min dzaalika walaa akbara illaa fii kitaabim mubiin.

Wali-walining Allah lan kabar ingkang nggembirakaken.

62. Elinga! Satemene Wali-walining Allah iku [503] ora pisan-pisan anduweni rasa wedi, lan ora pisan-pisan padha susah.

٦٢- اَلَآ اِنَّ اَوْلِيَآءَ اللّٰهِ لَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ۝

Alaa inna auliyaa-allaahi laa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

63. Yaiku wong-wong kang padha iman, lan kang tansah padha taqwa ing Allah.

٦٣- اَلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَكَانُوْا يَتَّقُوْنَ ۝

Alladziina aamanuu wa kaanuu yattaquun.

503). Tetembungan Auliyaa' utawi Wali punika mengku ma'na wiyar (kathah), sawenehipun ma'na kekasih, kadosta Waliyullah = Kekasihing Allah. Wonten ing tembung Wali ingkang ma'na kekasih wau, ing samangke kathah ingkang sami kalintu anggenipun ngempakaken, inggih punika tembung Waliyullah wau limrahipun dipun tegesi tiyang ingkang kaanggep anggadahi kramat (kaanehan ingkang nyebal adat), wasana lajeng Wali wau dipun gambaraken tiyang ingkang pating sranthil, ingkang sok remen mbebedhek, ngramal pangkat-semat lan drajat, solah bawanipun kados dhukun palintangan (astronomi), kadhang kala nyentrik makaten! Mangka saleresipun ing ayat salajengipun anyebataken bilih Waliyullah punika boten sanes tiyang Mu'min ingkang sami ajrih (taqwa) ing Allah, tiyang ingkang luhur ing budi, berbudi bawa leksana, 'arif wicaksana, resik lahir batosipun, bares kures lan beres, boten ndadak kramat utawi boten kramat saged damel begja lan cilaka sapiturutipun boten! Miturut paniti priksanipun Pujangga Ahli Tafsir, tuwuhipun pamanggih wau wonten ing 'alam Islam, sasampunipun 300 tahunan saking Hijrah inggih punika sasampunipun Agami Islam ngrepda wonten ing Jagad Raya, langkung-langkung wonten ing tanah Parsi tuwin Hindu. Dene wonten ing prakawis kramat punika rembagipun gawat sanget, pratitisipun kedah mawi 'ilmu ingkang kathah tur ingkang spesial (mirunggan). Hamung kemawon ingkang perlu dipun engeti, inggih punika wonten ing wekdal ingkang akhir-akhir punika, jebul kramat wau dados panggaotan (komersiil) ingkang ageng sanget jaringipun, wonten importiripun, wonten agenipun utawi tengkulakipun, wonten prodhuseripun barang ingkang pating clekuthik! Lah punika ingkang perlu dipun manah ingkang wening, punapa estu punika saking piwulang Islam ingkang sarwa tauhid, 'ibadah, amal shaleh, sarta ikhlas berjoang ing Agamining Allah? Tuhu wigatos saestu!

64. Yekti dheweke padha oleh bebungah ana ing panguripan Donya iki, lan ana ing Akherat besuk. Bab dhawuhing Allah ora ana owah-owahan, kang mangkono mau kabegjan kang agung!

٦٤- لَهُمُ الْبُشْرٰى فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَفِي الْاٰخِرَةِ ۚ لَا تَبْدِيْلَ لِكَلِمٰتِ اللّٰهِ ۚ ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

Ahumul busyraa fil hayaatid dunyaa wa fil aakhirah, laa tabdiila likalimaatillaah, dzaalika huwal fauzul 'azhiim.

65. Lan aja nganti pangucape wong-wong mau nyusahake ing sira, jalaran satemene kaluhuran iku kabeh mung kagungane Allah pribadi, PanjenengaNe Pangeran kang Maha Midhanget tur Ngudaneni!

٦٥- وَلَا يَحْزُنْكَ قَوْلُهُمْ ۘ اِنَّ الْعِزَّةَ لِلّٰهِ جَمِيْعًا ۚ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ۝

Walaa yahzunka qauluhum innal 'izzata lillaahi jamii'an huwas-samii'ul 'aliim.

66. Elinga! Satemene apa bae kang ana ing Langit lan Bumi, kabeh iku kagungane Allah piyambak. Dene wong-wong kang melu nyembah kamusyrikan saliyane Allah, dheweke ora kagolong manut sawijining kayakinan, kajaba mung manut panyana-nyana thok, lan ora liya dheweke iku kajaba mung padha goroh.

٦٦- اَلَآ اِنَّ لِلّٰهِ مَنْ فِي السَّمٰوٰتِ وَمَنْ فِي الْاَرْضِ ۗ وَمَا يَتَّبِعُ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ شُرَكَآءَ ۗ اِنْ يَّتَّبِعُوْنَ اِلَّا الظَّنَّ وَاِنْ هُمْ اِلَّا يَخْرُصُوْنَ ۝

Alaa inna lillaahi man fis-samaawaati wa man fil ardh, wamaa yattabi'ul ladziina yad'uuna min duunillaahi syurakaa', iy-yattabi'uuna illazh-zhanna wa in hum illaa yakhrushuun.

67. PanjenengaNe Allah iku kang ndadekake wengi kanggo sira kabeh, supaya sira bisa padha ngaso ana ing kono, padha lerem ngilangake sayah, lan uga PanjenengaNe kang ndadekake rina madhangi. Sanyata kadadeyan kang mangkono mau, temen dadi ayat tandha-yekti tumrape wong-wong kang padha gelem ngrungokake!

٦٧- هُوَ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الَّيْلَ لِتَسْكُنُوْا فِيْهِ وَالنَّهَارَ مُبْصِرًا ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّسْمَعُوْنَ ۝

Huwal ladzii ja'ala lakumul laila litaskunuu fiihi wannahaara mubshiraa, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yasma'uun.

68. Wong-wong Yahudi lan Nasrani padha ngucap: "Allah kagungan peputra!". Maha Suci PanjenengaNe, PanjenengaNe kang Sugih, KagungaNe Allah kabeh kang ana ing Langit-langit lan Bumi. Satemene sira kabeh ora padha anduweni alasan kanggo ngesahake pangucapira kang diakokake marang Allah. Apa sira padha ngucap perkara kang sira ora padha mangerti?

٦٨- قَالُوا اتَّخَذَ اللّٰهُ وَلَدًا سُبْحٰنَهٗ ۗ هُوَ الْغَنِيُّ ۗ لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۗ اِنْ عِنْدَكُمْ مِّنْ سُلْطٰنٍ بِهٰذَا ۗ اَتَقُوْلُوْنَ عَلَى اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ۝

Qaalut takhadzallaahu waladan subhaanah, huwal ghaniyyu, lahuu maa fis-samaawaati wamaa fil ardh, in 'indakum min sulthaanin bihaadzaa, ataquuluuna 'alallaahi maa laa ta'lamuun.

69. Dhawuha sira Muhammad: "Satemene wong kang gawe-gawe goroh diakokake marang Allah, iku ora padha begja".

٦٩- قُلْ إِنَّ الَّذِينَ يَفْتَرُونَ عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ لَا يُفْلِحُونَ ۝

Qul innal ladziina yaftaruuna 'alallaahil kadziba laa yuflihuun.

70. Dheweke entuk kasenengan sawatara ing Donya, nuli panggonane bali sowane wong-wong mau mung marang Ingsun piyambak, lan dheweke supaya ngrasakake siksa kang luwih banget larane, marga anggone wus padha kafir.

٧٠- مَتَاعٌ فِي الدُّنْيَا ثُمَّ إِلَيْنَا مَرْجِعُهُمْ ثُمَّ نُذِيقُهُمُ الْعَذَابَ الشَّدِيدَ بِمَا كَانُوا يَكْفُرُونَ ۝

Mataa'un fid-dunyaa tsumma ilainaa marji'uhum tsumma nudziiquhumul 'adzaabasy syadiida bimaa kaanuu yakfuruun.

Caritane Nuh a.s. Musa a.s. lan Yunus a.s. dadi tepa-tuladha kang utama.

71. Macakna sira Muhammad marang wong-wong mau, caritane Nuh nalika dheweke dhawuh marang kaume: "He kaumku! Manawa anggonku manggon kalawan sira kabeh, lan anggonku pepeling ayat-ayating Allah iku nyusahake ing sira, mangka anggonku tawakkal marang Allah piyambak. Jalaran saka iku sira padha kumpula ngrembug urusanira, sarta anjaluka pitulung marang sakuthon-sakuthonira, banjur kabeh urusanira iku aja sira anggo wadi, nuli tandangana apa kang wus sira putusake kanggo ngrusak aku, sarta ora usah aweh tempo marang aku sathithik bae!

٧١- وَاتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ نُوحٍ إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ يَا قَوْمِ إِنْ كَانَ كَبُرَ عَلَيْكُمْ مَقَامِي وَتَذْكِيرِي بِآيَاتِ اللَّهِ فَعَلَى اللَّهِ تَوَكَّلْتُ فَأَجْمِعُوا أَمْرَكُمْ وَشُرَكَاءَكُمْ ثُمَّ لَا يَكُنْ أَمْرُكُمْ عَلَيْكُمْ غُمَّةً ثُمَّ اقْضُوا إِلَيَّ وَلَا تُنْظِرُونِ ۝

Watlu 'alaihim naba-a nuuhin idz qaala liqaumihii yaa qaumi in kaana kabura 'alaikum maqaamii wa tadzkiirii bi-aayaatillaahi fa'alallaahi tawakkaltu fa-ajmi'uu amrakum wa syurakaa-akum tsumma laa yakun amrukum 'alaikum ghummatan tsummaq-dhuu ilayya walaa tunzhiruun.

72. Manawa sira mlengos hemoh nampa pepelingku, aku ora pisan-pisan anjaluk upah marang sira. Upahku iku ora liya kajaba saka ngarsane Allah piyambak, sarta aku kadhawuhan supaya dadi golongane wong-wong kang padha sumarah marang Allah".

٧٢- فَإِنْ تَوَلَّيْتُمْ فَمَا سَأَلْتُكُمْ مِنْ أَجْرٍ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَى اللَّهِ وَأُمِرْتُ أَنْ أَكُونَ مِنَ الْمُسْلِمِينَ ۝

Fa-in tawallaitum famaa sa-altukum min ajrin in ajriya illaa 'alallaahi wa umirtu an akuuna minal muslimiin.

73. Wong-wong mau banjur padha anggorohake marang Nuh, Ingsun tumuli nyiametake Nuh, lan wong-wong kang padha bebarengan kalawan Nuh ana ing prahu, sarta wong-wong mau Ingsun dadekake sesulih ana ing Bumi, apa dene Ingsun ngerem wong-wong kang anggorohake marang ayat tandha yektinIngsun. Mara ndelenga sira

٧٣- فَكَذَّبُوهُ فَنَجَّيْنَاهُ وَمَنْ مَعَهُ فِي الْفُلْكِ وَجَعَلْنَاهُمْ خَلَائِفَ وَأَغْرَقْنَا الَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُنْذَرِينَ ۝

manungsa, kapriye wusanane wong-wong kang wus diwenehi pepeling?

Fakadzdzabuuhu fanajjainaahu wa mamma'ahuu fil fulki wa ja'alnaahum khalaaifa wa aghraqnal ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa, fanzhur kaifa kaana 'aaqibatul mundzariin.

74. Nuli sawuse Nuh, Ingsun ngutus para Utusan marang kaum-kaume. Sawuse para Utusan mau rawuh marang dheweke kalawan ngampil katerangan-katerangan, wong-wong mau ora gelem iman marang perkara kang wus dipaido dening kaum-kaum kang sadurunge dheweke, Ingsun nutup atine kaum-kaum kang ngliwati wates, kaya anggon-Ingsun wus nutup atine kaum Nuh.

٧٤- ثُمَّ بَعَثْنَا مِنْ بَعْدِهِۦ رُسُلًا إِلَىٰ قَوْمِهِمْ فَجَآءُوهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَمَا كَانُوا۟ لِيُؤْمِنُوا۟ بِمَا كَذَّبُوا۟ بِهِۦ مِن قَبْلُ ۚ كَذَٰلِكَ نَطْبَعُ عَلَىٰ قُلُوبِ ٱلْمُعْتَدِينَ ۝

Tsumma ba'atsnaa mim ba'dihii rusulan ilaa qaumihim fajaa-uuhum bil bayyinaati famaa kaanuu liyu'minuu bimaa kadzdzabuu bihii min qabl, kadzaalika nathba'u 'alaa quluubil mu'tadiin.

75. Sawuse wong-wong mau, Ingsun nuli angutus Musa lan Harun marang Fir'aun lan para panggedhene, kalawan ngampil ayat-ayatIngsun. Wong-wong mau uga gumedhe tur ora gelem iman, lan dheweke iku salawase dadi umat kang padha ma'siyat.

٧٥- ثُمَّ بَعَثْنَا مِنۢ بَعْدِهِم مُّوسَىٰ وَهَٰرُونَ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَإِيْهِۦ بِـَٔايَٰتِنَا فَٱسْتَكْبَرُوا۟ وَكَانُوا۟ قَوْمًا مُّجْرِمِينَ ۝

Tsumma ba'atsnaa mim ba'dihim muusaa wa haaruuna ilaa fir'auna wa malaa-ihii bi-aayaatinaa fastakbaruu wa kaanuu qaumam mujrimiin.

76. Sawuse kabeneran saka ngarsanIngsun tumeka marang wong-wong mau, dheweke padha celathu: "Satemene kang diampil dening Musa iku, yekti genah mung sihir bae!".

٧٦- فَلَمَّا جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ مِنْ عِندِنَا قَالُوٓا۟ إِنَّ هَٰذَا لَسِحْرٌ مُّبِينٌ ۝

Falammaa jaa-ahumul haqqu min 'indinaa qaaluu inna haadzaa lasihrum mubiin.

77. Musa ngandika: "Apa sira nerangake yen barang bener kang wus tumeka marang sira, iku: "Satemene iku sihir, lan ora bakal begja tukang sihir-sihir iku".

٧٧- قَالَ مُوسَىٰٓ أَتَقُولُونَ لِلْحَقِّ لَمَّا جَآءَكُمْ ۖ أَسِحْرٌ هَٰذَا ۖ وَلَا يُفْلِحُ ٱلسَّٰحِرُونَ ۝

Qaala muusaa ataquuluuna lilhaqqi lammaa jaa-akum, asihrun haadzaa, walaa yuflihus saahiruun.

78. Wong-wong mau matur: "Punapa panjenengan rawuh datheng kita perlu badhe nyimpangaken kita saking Agami ingkang sampun dipun ugemi dening Bapak-bapak kita? Lan punapa supados Kerajan Bumi (Mesir) punika kaasta panjenengan kakalih? Hla kita boten pisan-pisan badhe pitados dhateng panjenengan kakalih".

٧٨- قَالُوٓا۟ أَجِئْتَنَا لِتَلْفِتَنَا عَمَّا وَجَدْنَا عَلَيْهِ ءَابَآءَنَا وَتَكُونَ لَكُمَا ٱلْكِبْرِيَآءُ فِى ٱلْأَرْضِ ۖ وَمَا نَحْنُ لَكُمَا بِمُؤْمِنِينَ ۝

Qaaluu aji'tanaa litalfitanaa 'ammaa wa jadnaa 'alaihi aabaa-anaa wa takuuna lakumal kibriyaa-u fil ardh, wamaa nahnu lakumaa bimu'miniin.

79. Fir'aun dhawuh marang andhahane: "Timbalana mrene! kabeh tukang sihir kang pinter-pinter kae!".

٧٩- وَقَالَ فِرْعَوْنُ ائْتُونِي بِكُلِّ سَحِرٍ عَلِيمٍ ٥

Wa qaala fir'aunu'tuunii bikulli saahirin 'aliim.

80. Bareng tukang sihir mau wus padha teka. Nabi Musa ngucap marang dheweke mau kabeh: "Sira wiwita nguncalna dhisik barang kang arep sira uncalake".

٨٠- فَلَمَّا جَاءَ السَّحَرَةُ قَالَ لَهُمْ مُوسَىٰ أَلْقُوا مَا أَنْتُمْ مُلْقُونَ ٥

Falammaa jaa-as saharatu qaala lahum muusaa alquu maa antum mulquun.

81. Bareng tukang sihir mau wus padha nguncalake tampar lan Musa wis nibakake tekene, Nabi Musa angucap maneh: "Kang padha sira tekakake iki, yekti sihir kang nyata batale, satemene Allah bakal ngrusak sihir iku. Yekti Allah ora karsa netepake becik 'amale wong-wong kang gawe rusak".

٨١- فَلَمَّا أَلْقَوْا قَالَ مُوسَىٰ مَا جِئْتُمْ بِهِ السِّحْرُ إِنَّ اللَّهَ سَيُبْطِلُهُ إِنَّ اللَّهَ لَا يُصْلِحُ عَمَلَ الْمُفْسِدِينَ ٥

Falammaa alqau qaala muusaa maa ji'tum bihis-sihr, innallaaha sayubthiluh, innallaaha laa yushlihu 'amalal mufsidiin.

82. Lan Allah karsa ngluhurake Agama kang haq kalawan pangandikaNe kang bener marang Musa, sanajan wong-wong musyrik iku padha sengit.

٨٢- وَيُحِقُّ اللَّهُ الْحَقَّ بِكَلِمَاتِهِ وَلَوْ كَرِهَ الْمُجْرِمُونَ ٥ ع ٨ ١٣

Wa yuhiqqullaahul haqqa bikalimaatihii walau karihal mujrimuun.

83. Mangka ora ana kang gelem iman marang Nabi Musa, kajaba mung sathithik tur isih pemudha, jalaran wedi difitnah dening Fir'aun, lan para tetuwa, satemene Fir'aun iku tumindhak sawenang-wenang ana ing Bumi, lan yekti dheweke iku kalebu golongane wong kang ngliwati wates.

٨٣- فَمَا آمَنَ لِمُوسَىٰ إِلَّا ذُرِّيَّةٌ مِنْ قَوْمِهِ عَلَىٰ خَوْفٍ مِنْ فِرْعَوْنَ وَمَلَئِهِمْ أَنْ يَفْتِنَهُمْ وَإِنَّ فِرْعَوْنَ لَعَالٍ فِي الْأَرْضِ وَإِنَّهُ لَمِنَ الْمُسْرِفِينَ ٥

Famaa aamana limuusaa illaa dzurriyyatum min qaumihii 'alaa khaufim min fir'auna wamalaa-ihim ay yaftinahum, wa inna fir'auna la'aalin fil ardh, wa innahuu laminal musrifiin.

84. Lan dhawuhe Nabi Musa: "He kaumku! Manawa sira padha iman marang Allah, sira padha sumaraha marang Allah piyambak, yen nyata sira iku padha Islam".

٨٤- وَقَالَ مُوسَىٰ يَا قَوْمِ إِنْ كُنْتُمْ آمَنْتُمْ بِاللَّهِ فَعَلَيْهِ تَوَكَّلُوا إِنْ كُنْتُمْ مُسْلِمِينَ ٥

Wa qaala muusaa yaa qaumi in kuntum aamantum billaahi fa'alaihi tawakkaluu in kuntum muslimiin.

85. Kaume Musa banjur padha matur: "Namung dhumateng Allah piyambak anggen kita sumarah, Dhuh Pangeran kita! Mugi Paduka sampun andadosaken kita dumunung dados fitnah tumrap tetiyang ingkang sami nganiaya".

٨٥- فَقَالُوا عَلَى اللهِ تَوَكَّلْنَا رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا فِتْنَةً لِّلْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ۙ

Faqaaluu 'alallaahi tawakkalnaa, rabbanaa laa taj'alnaa fitnatal liqaumizh zhaalimiin.

86. Sarta mugi Paduka milujengaken kita kalayan Rahmat Paduka, saking paekanipun tiyang ingkang sami kafir".

٨٦- وَ نَجِّنَا بِرَحْمَتِكَ مِنَ الْقَوْمِ الْكٰفِرِيْنَ ۝

Wa najjinaa birahmatika minal qaumil kaafiriin.

87. Lan Ingsun wus paring Wahyu marang Musa apadene sadulure, pangandikanIngsun: "Sira kudu nyedhiakake omah-omah kanggo kaumira ana ing Mesir, lan sira andadekake omah-omahira iku qiblat (papaning Shalat), lan sira kabeh nindakna Shalat, sarta sira ambebungaha marang wong-wong kang padha iman".

٨٧- وَ اَوْحَيْنَآ اِلٰى مُوْسٰى وَ اَخِيْهِ اَنْ تَبَوَّاٰ لِقَوْمِكُمَا بِمِصْرَ بُيُوْتًا وَّ اجْعَلُوْا بُيُوْتَكُمْ قِبْلَةً وَّ اَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَ بَشِّرِ الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Wa auhainaa ilaa muusaa wa akhiihi an tabawwa-a liqaumikumaa bimishra buyuutaw waj'aluu buyuutakum qiblataw wa aqiimush shalaah, wa basysyiril mu'miniin.

88. Lan Musa matur: "Dhuh Pangeran kita! Yektos Paduka sampun paring dhateng Fir'aun sarta para pangagengipun mas picis lan raja brana ingkang kathah, wonten ing panggesangan Donya. Dhuh Pangeran kita! Wekasan tetiyang wau lajeng sami nyasaraken para kawula, saking Agami Paduka. Dhuh Pangeran kula! Mugi Paduka karsa nglebur ing bandhanipun tetiyang wau sarta mugi Paduka lajeng nutup manah-manahipun ingkang kekah, supados piyambakipun wau sami boten purun iman, hingga piyambakipun sampun sumerap siksa ingkang sakit sangeт".

٨٨- وَ قَالَ مُوْسٰى رَبَّنَآ اِنَّكَ اٰتَيْتَ فِرْعَوْنَ وَ مَلَاَهٗ زِيْنَةً وَّ اَمْوَالًا فِى الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۙ رَبَّنَا لِيُضِلُّوْا عَنْ سَبِيْلِكَ ۚ رَبَّنَا اطْمِسْ عَلٰٓى اَمْوَالِهِمْ وَ اشْدُدْ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ فَلَا يُؤْمِنُوْا حَتّٰى يَرَوُا الْعَذَابَ الْاَلِيْمَ ۝

Wa qaala muusaa rabbanaa innaka aataita fir'auna wamala-ahuu ziinataw wa amwaalan fil hayaatid-dunyaa rabbanaa liyudhilluu 'an sabiilik, rabbanathmis 'alaa amwaalihim wasydud 'alaa quluubihim falaa yu'minuu hattaa yarawul 'adzaabal aliim.

89. Allah ngandika: "Panyuwunira sakaro wus Ingsun kabulake, mula saka iku sira sakaro tetep tumindaka bener, lan poma dipoma sira sakaro aja pisan-pisan manut dalane wong kang ora padha mangerti".

٨٩- قَالَ قَدْ اُجِيْبَتْ دَّعْوَتُكُمَا فَاسْتَقِيْمَا وَلَا تَتَّبِعٰٓنِّ سَبِيْلَ الَّذِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Qaala qad ujiibat da'watukumaa fastaqiimaa walaa tattabi'aani sabiilal ladziina laa ya'lamuun.

90. Lan Ingsun wus nyabrangake Bani Israil ana ing Sagara, dumadakan banjur dilacak dening Fir'aun sawadya-balane dhasar aniaya, lan dhemen memungsuhan (duwe sedya seneng mateni). Bareng Fir'aun wus meh kelem ana ing banyu, dheweke ngucap: "Kawula sapunika pitados, manawi saestunipun boten wonten Pangeran ingkang kasembah, kajawi ingkang dipun imanaken dening Bani Israil, sarta kawula kalebet golonganipun tetiyang Islam".

٩٠. وَجٰوَزْنَا بِبَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ الْبَحْرَ فَأَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ وَجُنُودُهُۥ بَغْيًا وَعَدْوًا ۚ حَتَّىٰٓ إِذَآ أَدْرَكَهُ الْغَرَقُ ۙ قَالَ ءَامَنتُ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا الَّذِىٓ ءَامَنَتْ بِهِۦ بَنُوٓا۟ إِسْرَآءِيلَ وَأَنَا۠ مِنَ الْمُسْلِمِينَ ۝

Wa jaawaznaa bibanii israa-iilal bahra fa-atba'ahum fir'aunu wa junuuduhuu baghyaw wa'adwaa, hattaa idzaa adrakahul gharaqu qaala aamantu annahuu laa ilaaha illal ladzii aamanat bihii banuu israa-iila wa ana minal muslimiin.

91. Pangandikane Allah: "Saiki sira wus sumurup siksa, lagi gelem iman, mangka sadurunge sira tansah duraka, mula sira iku dadi golongane wong kang padha gawe rusak".

٩١. آلْـَٰٔنَ وَقَدْ عَصَيْتَ قَبْلُ وَكُنتَ مِنَ الْمُفْسِدِينَ ۝

Al-aana waqad 'ashaita qablu wa kunta minal mufsidiin.

92. Dina iki Ingsun nylametake badanira Fir'aun, (Ingsun uncalake marang dharatan)[504] supaya kunarpanira dadi tepa palupi tumrap wong-wong ing sapungkurira, nanging satemene akeh-akehe manungsa iku padha nglirwakake marang ayat-ayatIngsun".

٩٢. فَٱلْيَوْمَ نُنَجِّيكَ بِبَدَنِكَ لِتَكُونَ لِمَنْ خَلْفَكَ ءَايَةً ۚ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ النَّاسِ عَنْ ءَايَٰتِنَا لَغَٰفِلُونَ ۝

Falyauma nunajjiika bibadanika litakuuna liman khalfaka aayah, wa inna katsiiram minan-naasi 'an aayaatinaa laghaafiluun.

93. Lan satemene Ingsun wus mernahake Bani Israil ana ing tanah kang mulya, sarta Ingsun wus paring rezeki marang dheweke kalawan rezeki kang becik, dheweke ora padha pasulayan, kajaba sawuse dheweke katekanan bukti nyata kang wus dimangerteni. Satemene Pangeranira Muhammad, kang bakal ngukumi antarane wong-wong iku besuk ana ing dina Qiyamat, bab perkara kang padha dipasulayakake".

٩٣. وَلَقَدْ بَوَّأْنَا بَنِىٓ إِسْرَآءِيلَ مُبَوَّأَ صِدْقٍ وَرَزَقْنَٰهُم مِّنَ الطَّيِّبَٰتِ ۚ فَمَا ٱخْتَلَفُوا۟ حَتَّىٰ جَآءَهُمُ الْعِلْمُ ۚ إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِى بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيَٰمَةِ فِيمَا كَانُوا۟ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۝

Walaqad bawwa'naa banii israa-iila mubawwa-a shidqiw warazaqnaahum minath thayyibaat, famakh-talafuu hattaa jaa-ahumul 'ilm, inna rabbaka yaqdhii bainahum yaumal qiyaamati fiimaa kaanuu fiihi yakhtalifuun.

504). Ingkang dipun wilujengaken badan wadhagipun (jisimipun) Fir'aun ingkang sampun dados kunarpa, karukti dipun balsem dados mummi dinasti Fir'aun ing Piramide-Mesir. (mirsanana katerangan ayat 50: Surat Al Baqarah).

94. Mangka saupama sira Muhammad mamang ana ing perkara kang wus Ingsun turunake marang sira, sira takona marang wong-wong kang padha maca Kitab Taurat, kang sadurungira. Sayekti wus tumeka marang sira barang bener iku, saka Pangeranira. Mula saka iku, poma dipoma sira aja pisan-pisan kalebu ewone wong-wong kang padha mamang".

٩٤- فَإِنْ كُنْتَ فِي شَكٍّ مِمَّآ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكَ فَسْـَٔلِ الَّذِيْنَ يَقْرَءُوْنَ الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِكَ ۚ لَقَدْ جَآءَكَ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّكَ فَلَا تَكُوْنَنَّ مِنَ الْمُمْتَرِيْنَ ۝

Fa-in kunta fii syakkim mimmaa anzalnaa ilaika fas-alil ladziina yaqra-uunal kitaaba min qablik, laqad jaa-akal haqqu mir rabbika falaa takuunanna minal mumtariin.

95. Lan poma dipoma aja pisan-pisan sira dadi golongane wong-wong kang padha anggorohake ayat-ayating Allah, jalaran yen kongsi mangkono, yekti sira kalebu dadi golongane wong-wong kang padha kapitunan.

٩٥- وَلَا تَكُوْنَنَّ مِنَ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ فَتَكُوْنَ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ ۝

Walaa takuunanna minal ladziina kadzdzabuu bi-aayaatillaahi fatakuunanna minal khaasiriin.

96. Satemene wong-wong kang wus tetep tampa kaputusane Pangeranira bakal disiksa, dheweke wis ora bakal padha gelem iman.

٩٦- إِنَّ الَّذِيْنَ حَقَّتْ عَلَيْهِمْ كَلِمَتُ رَبِّكَ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

Innal ladziina haqqat 'alaihim kalimatu rabbika laa yu'minuun.

97. Sanajan kabeh bukti-bukti wis padha tekan marang dheweke, hiya meksa ora bakal padha gelem iman, nganti dheweke iku wus padha weruh dhewe siksa kang lara.

٩٧- وَلَوْ جَآءَتْهُمْ كُلُّ اٰيَةٍ حَتّٰى يَرَوُا الْعَذَابَ الْاَلِيْمَ ۝

Walau jaa-athum kullu aayatin hattaa yarawul 'adzaabal aliim.

98. Kena apa wong-wong pedesan iku kok ora gelem iman, kang mangka yen gelem iman, imane iku banjur manfa'ati marang dheweke? Kajaba kaume Yunus; iku sawuse padha iman, Ingsun nuli ngilangi siksane kang nginahake (nglarani banget) ana ing panguripan Donya, sarta Ingsun paringi kasenengan nganti tumeka sawijining mangsa.

٩٨- فَلَوْلَا كَانَتْ قَرْيَةٌ اٰمَنَتْ فَنَفَعَهَآ إِيْمَانُهَآ إِلَّا قَوْمَ يُوْنُسَ ۚ لَمَّآ اٰمَنُوْا كَشَفْنَا عَنْهُمْ عَذَابَ الْخِزْيِ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَمَتَّعْنٰهُمْ إِلٰى حِيْنٍ ۝

Falau laa kaanat qaryatun aamanat fanafa'ahaa iimaanuhaa illaa qauma yuunus, lammaa aamanuu kasyafnaa 'anhum 'adzaabal khizyi fil hayaatid-dunyaa wa matta'naahum ilaa hiin.

99. Lan manawa wus dadi kaparenging karsane Pangeranira, sanyata wong-wong kang ana ing Bumi kabeh iki, padha iman. Apa sira Muhammad niyat arep meksa njiyat marang para manungsa nganti supaya dheweke dadi gelem padha iman?

٩٩- وَلَوْ شَآءَ رَبُّكَ لَاٰمَنَ مَنْ فِي الْاَرْضِ كُلُّهُمْ جَمِيْعًا ۚ أَفَأَنْتَ تُكْرِهُ النَّاسَ حَتّٰى يَكُوْنُوْا مُؤْمِنِيْنَ ۝

Walau syaa-a rabbuka la-aamana man fil ardhi kulluhum jamii'aa, afa-anta tukrihunnaasa hattaa yakuunuu mu'miniin.

١٠٠ - وَمَا كَانَ لِنَفْسٍ اَنْ تُؤْمِنَ اِلَّا بِاِذْنِ اللّٰهِ ۚ وَيَجْعَلُ الرِّجْسَ عَلَى الَّذِيْنَ لَا يَعْقِلُوْنَ ۝

100. Lan ora ana sawijining awak kang gelem iman, kajaba sarana idzining Allah, lan PanjenengaNe bakal paring bebendu marang wong-wong kang ora gelem padha ngecakake akal pikirane.

Wamaa kaana linafsin an tu'mina illaa bi-idznillaah, wa yaj'alur rijsa 'alal ladzii-na laa ya'qiluun.

١٠١ - قُلِ انْظُرُوْا مَاذَا فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَمَا تُغْنِى الْاٰيٰتُ وَالنُّذُرُ عَنْ قَوْمٍ لَّا يُؤْمِنُوْنَ ۝

101. Dhawuha sira Muhammad!: "Sira padha ndelenga apa bae kang ana ing Langit lan Bumi", ananging ayat-ayat lan pepeling-pepeling iku ora maedahi tumraping wong-wong kang ora gelem iman.

Qulin-dhuruu maadzaa fis-samaawaati wal ardh, wamaa tughnil aayaatu wan-nudzuru 'an qaumil laa yu'minuun.

١٠٢ - فَهَلْ يَنْتَظِرُوْنَ اِلَّا مِثْلَ اَيَّامِ الَّذِيْنَ خَلَوْا مِنْ قَبْلِهِمْ ۗ قُلْ فَانْتَظِرُوْا اِنِّىْ مَعَكُمْ مِّنَ الْمُنْتَظِرِيْنَ ۝

102. Mangka ora ana kang dienteni dening wong-wong musyrik-Arab iku, kajaba kaya dina-dinane umat kang kapungkur sadurunge dheweke. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha ngentenana, satemene aku bebarengan karo sira kabeh dadi golongane wong-wong kang ngenteni".

Fahal yantazhiruuna illaa mitsla ayyaa-mil ladziina khalau min qablihim, qul fantazhiruu innii ma'akum minal munta-zhiriin.

١٠٣ - ثُمَّ نُنَجِّىْ رُسُلَنَا وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كَذٰلِكَ ۚ حَقًّا عَلَيْنَا نُنْجِ الْمُؤْمِنِيْنَ ۝ ع ١٥

103. Ingsun banjur nylametake para Utus-anIngsun sarta wong-wong kang padha iman. Mangkono uga Ingsun kagungan hak kudu nylametake wong-wong kang padha iman".

Tsumma nunajjii rusulanaa walladziina aamanuu kadzaalik, haqqan 'alainaa nunjil mu'miniin.

Da'wah Pangajaking Islam.

١٠٤ - قُلْ يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اِنْ كُنْتُمْ فِىْ شَكٍّ مِّنْ دِيْنِىْ فَلَآ اَعْبُدُ الَّذِيْنَ تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلٰكِنْ اَعْبُدُ اللّٰهَ الَّذِىْ يَتَوَفّٰىكُمْ ۖ وَاُمِرْتُ اَنْ اَكُوْنَ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

104. Dhawuha sira Muhammad: "He para manungsa! Saupama sira ana ing kamamang-an saka Agamaku, aku ora gelem nyembah marang kang sira sembah saliyane Allah, ananging aku tetep nyembah marang Allah, kang njabut nyawanira kabeh, lan aku kadhawuhan supaya klebu dadi golongane wong-wong kang padha iman".

Qul yaa-ayyuhan naasu in kuntum fii syakkim min diinii falaa a'budul la-dziina ta'buduuna min duunillaahi walaa-kin a'budullaahal ladzii yatawaffaakum, wa umirtu an akuuna minal mu'miniin.

105. Lan aku kadhawuhan: "Sira ngadhepna rainira marang Agama, sarta condhong marang Agama, lan aja pisan-pisan sira dadi golongane wong-wong kang padha musyrik".

١٠٥ - وَأَنْ أَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا ۖ وَلَا تَكُونَنَّ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ٥

Wa-an aqim wajhaka liddiini haniifaa, walaa takuunanna minal musyrikiin.

106. "Lan sira aja 'ibadah ngumawula marang kang ora bisa aweh manfa'at lan madlarat marang sira saka saliyane Allah, saupama sira nindakake larangan iki yaiku 'ibadah marang saliyane Allah, mesthi bae yen nganti mangkono, sira kalebu ewone wong kang nganiaya".

١٠٦ - وَلَا تَدْعُ مِنْ دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَنْفَعُكَ وَلَا يَضُرُّكَ ۖ فَإِنْ فَعَلْتَ فَإِنَّكَ إِذًا مِنَ الظَّالِمِينَ ٥

Walaa tad'u min duunillaahi maa laa yanfa'uka walaa yazhunnuka fa-in fa-'alta fa-innaka idzam minazh zhaalimiin.

107. "Dene manawa Allah paring kasusahan marang sira, ora ana kang bisa ngilangake kasusahan iku, kajaba PanjenengaNe pribadi, nanging manawa PanjenengaNe karsa paring kabecikan marang sira, ora ana kang bisa nulak kanugrahaNe. PanjenengaNe paring kanugrahan marang wong kang dadi kaparenging karsaNe saka kawulaNe, dene Allah iku Maha Ngapura tur Maha Asih".

١٠٧ - وَإِنْ يَمْسَسْكَ اللَّهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ لَهُ إِلَّا هُوَ ۖ وَإِنْ يُرِدْكَ بِخَيْرٍ فَلَا رَادَّ لِفَضْلِهِ ۚ يُصِيبُ بِهِ مَنْ يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ ۚ وَهُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ٥

Wa-in tamsaskallaahu bidhurrin falaa kaasyifa lahuu illaa huwa, wa-iy yuridka bikhairin falaa raadda lifadhlih, yushiibu bihii may yasyaa-u min 'ibaadih, wa huwal ghafuurur rahiim.

108. Dhawuha sira Muhammad: "He manungsa! Satemene kabeneran saka ngarsane Pangeranira iku wus tumeka marang sira kabeh, mulane sapa bae sing oleh pituduh, munfangate pituduh iku tumrap dheweke. Dene sapa bae sing kasasar, akibat kawusanane hiya tumrap dheweke, lan Ingsun dudu tukangmu kang njaga awakmu".

١٠٨ - قُلْ يَا أَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاءَكُمُ الْحَقُّ مِنْ رَبِّكُمْ ۖ فَمَنِ اهْتَدَىٰ فَإِنَّمَا يَهْتَدِي لِنَفْسِهِ ۖ وَمَنْ ضَلَّ فَإِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۖ وَمَا أَنَا عَلَيْكُمْ بِوَكِيلٍ ٥

Qul yaa-ayyuhan naasu qad jaa-akuml haqqu mir rabbikum, famanihtadaa fa-innamaa yahtadii linafsih, waman dhalla fa-innamaa yadhillu 'alaihaa, wamaa ana 'alaikum biwakiil.

109. Lan sira andhereka marang kabeh kang wus diwa'yokake marang sira, lan sira kudu sabar, nganti Allah paring pernatan hukum, dene Allah iku luwih Adil-adile kang paring hukum."
***

١٠٩- وَاتَّبِعْ مَا يُوحَىٰ إِلَيْكَ وَاصْبِرْ حَتَّىٰ يَحْكُمَ اللَّهُ ۚ وَهُوَ
خَيْرُ الْحَاكِمِينَ ۝ ع ١١ ١٢

Wattabi' maa yuuhaa ilaika washbir hattaa yahkumallaah, wa huwa khairul haakimiin.

***). Para sutrisna, minangka panutuping katerangan wigatosipun nyinau-bandhingan (comperative-study) saking surat Yunus kalayan surat Hud ing antawisipun makaten:

1. Kekalihipun surat Yunus lan surat Hud kawiwitan sarana Aliif Laam Raa, tumunten anerangaken Risalah sarta Da'wahipun para andika Nabi lan Rasul ingkang tansah paring tuntunan sarta piwulang-sae amrih tata-raharja wonten ing Donya dumugining rahayu wonten ing Akherat.
2. Kekalihipun sami-sami anerangaken ingkaripun tetiyang kafir dhumateng Al-Quraan, sarta bantahan-bantahanipun, saha sawatawis sejarahipun para Nabi, ingkang wonten ing surat Hud tambah dipun gamblangaken malih!
3. Ing surat Hud anerangaken: bab wontenipun 'Arsy-ipun Allah sarta mula bukanipun 'alam jagad raya tumitah ing ndalem 6 pase, sarta norma-hukum Agami ngalalaken mangangge papaes ingkang sae-sae utawi lux ananging boten kepareng lelangkungan.

HUD

Surat kaping 11 : 123 Ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 12, 17 lan 114 tumurun ana ing Madinah. Tumurune sawuse Surat Yunus

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Dhawuh namung manembah ing Allah.

1. Alif Laam Raa' (hamung Allah pribadi kang prikaa maksude). Kitab iki, kang wus ditetepake ayat-ayate, ora ana owah-owahane maneh, ayat-ayat iku nuli diprinci-princi[505] ayat-ayat iku saka ngarsaning Pangeran kang Maha Wicaksana tur Maha Waspada.

١ - الٓرٰ ۚ كِتٰبٌ اُحْكِمَتْ اٰيٰتُهٗ ثُمَّ فُصِّلَتْ مِنْ لَّدُنْ حَكِيْمٍ خَبِيْرٍ ۝

Alif Laam Raa; Kitaabun uhkimat aayaatuhuu tsumma fushshilat milladun hakiimin khabiir.

---

505). Dipun princi-princi, kadosta piwucal **Tauhid**, ing surat Al-Ikhlas, surat Ali 'Imran: 64, **Ibadah** ing surat Adz Dzaariyat: 56, **Shalat** ing surat Al Baqarah: 43, An Nisa': 101, Al Anfaal: 3, **Shiyam** ing surat Al Baqarah: 183, dumugi 187, **Zakat lan Shadakah** ing surat Al Baqarah: 110, Ali 'Imran: 134, Al A'raf: 156, Ar Rum: 39, Luqman: 4, Al Muzzammil: 20, **Hajji** ing surat Ali 'Imran: 96—97, Al Baqarah: 124—129, Al Hajj: 26—37, **Jihad** ing surat Al Hajj: 77, Perang ing surat Al Baqarah: 190—193, Al Maaidah: 35, Al Anfaal: 12, 15—16, **Dhame** ing surat Al Anfaal: 61, **Pangayoman politik** (suwaka) ing surat An Nisaa': 90, Jarahan perang ing surat Al Anfaal: 1, **Hukum Nikah-Thalaq lan Ruju'** ing surat Al Baqarah: 102, 187, 221, An Nisaa': 36, Al Isra': 23, 26, An Nur: 3, 26, 33, Al Mumtahinah: 10, 11. **Hukum pangan kang diharamake** ing surat Al Baqarah: 168, 172, 173, Al Maaidah: 1—3, 87, 88, 96, Al An'aam: 118, 119, 142—145, An Nahl: 66—67, 114, Al Hajj: 28, 30. **Hukum Qishash (Pati)** ing surat Al Baqarah: 178—179, 194, Al Maaidah: 44—45, An Nahl: 126, **Hukum Waris** ing surat Al Baqarah: 180—182, 240, An Nisaa': 1—7, 12, 19, 33, 176, 197, Al Maaidah: 106—108, An Anfaal: 1, 72, 75. **Gotong Royong (lung tinulung)** ing surat Al Maaidah: 2, Al Anfaal: 73, At Taubah: 71, **Hukum Riba** ing surat Al Baqarah: 275—279, Ali 'Imran: 130, An Nisaa': 161, Ar Rum: 39, **Kulawarga** ing surat Al Baqarah: 83, 215, An Nisaa': 36, An Nahl: 90, Al Isra': 26, Al 'Ankabut: 8, Luqman: 14, Al Ahqaf: 6, 15—18, Al Furqan: 54, Al Ahzab: 6, **Ilmu (kawruh)** ing surat Ali 'Imran: 19—20, Al Maaidah: 30, 101, Al An'aam: 50, Faathir: 19—21, Al 'Alaq: 3—7, Saba': 10—13, Az Zumar: 9, Al Isra': 85, **Wajib Ikhtiyar (Swasembada)** ing surat An Nisaa': 32, 111, Al Maaidah: 105, Ar Ra'd: 11, Al Isra': 15, 84, Al Kahfi: 29—58, Al Mu'minun: 62, Faathir: 18, Fushshilat: 46, Asy Syura: 20, Al Jaatsiyah: 15, 21—22, Al Ahqaf: 19, An Najm: 31, 38—41, Ath Thalaq: 7, Al Muddatstsir: 37, 55, Al An'aam: 70, Al Balad: 10, Al A'raaf: 86, **Kahananing Manungsa** ing surat Al Baqarah: 30, 31, An Nisaa': 1, 28, Al An'aam: 98, Al A'raaf: 28, 29, 189, Al Hijr: 26, 28—29, 33, An Nahl: 4, 78, Al Anbiyaa': 37, Al Hajj: 5, 11, Ar Ra'd: 5, Al Mu'minun: 12—14, Qaaf: 16,

٢ - أَلَّا تَعْبُدُوٓا۟ إِلَّا ٱللَّهَ ۖ إِنَّنِى لَكُم مِّنْهُ نَذِيرٌ وَبَشِيرٌ ۝

Allaa ta'buduu illallaah, innanii lakum minhu nadziiruw wa basyiir.

2. Supaya sira kabeh aja manembah, kajaba mung marang Allah. Satemene aku kadhawuhan dening Allah aweh pepeling, sarta kadhawuhan aweh pawarta bungah marang sira kabeh.

٣ - وَأَنِ ٱسْتَغْفِرُوا۟ رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوبُوٓا۟ إِلَيْهِ يُمَتِّعْكُم مَّتَٰعًا حَسَنًا إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى وَيُؤْتِ كُلَّ ذِى فَضْلٍ فَضْلَهُۥ ۖ وَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنِّىٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ كَبِيرٍ ۝

Wa anistaghfiruu rabbakum tsumma tuubuu ilaihi yumatti'kum mataa'an hasanan ilaa ajalim musammaw wa yu'ti kulla dzii fadhlin fadhlah, wa-in tawallau fa-innii akhaafu 'alaikum 'adzaaba yaumin kabiir.

3. Lan sira kadhawuhan supaya sira nyuwun pangapura marang Allah, Pangeranira, sira banjur padha tobata marang PanjenengaNe, yekti PanjenengaNe iku bakal paring kasenengan marang sira kabeh kalawan panguripan kang becik, nganti tekan ing mangsa kang wus katamtokake, sarta PanjenengaNe arsa paring kanugrahan marang wong-wong kang anindakake laku becik. Saupama wong-wong mau padha mlengos saka perkara kang sira tekakake Muhammad, sira dhawuha: "Satemene aku kuwatir banget mengko gek sira kapatrapan siksaNe dina kang agung pakewuhe".

Ar Rum: 36, 54, As Saj dah: 7—9, Fathir: 11, Yaa Sin: 77, Shaad: 71—72, Az Zumaar: 6, 49, Al Ma aa'rij: 19—21, Ad Dahr: 2, 3, 'Abasa: 19, Ath Thaariq: 5—7, Ghaafir, 64, 67, Al Hujuraat: 13, At Tiin: 4, **Adat kasopanan lumebu omah** ing surat An Nuur: 27, 28, 58, 59, 61, 62, **Anjaga kasehatan** ing surat Al A'raaf: 31, **Manganggo papaesan** ing surat Al A'raaf: 32, **Adat tatakromo uluk salam** ing surat: 86, **Watak Ngapura** ing surat Al Baqarah: 219, 237, 263, Ali 'Imran: 133, 134, 159, An Nisaa': 149, An Nahl: 126, An Nuur: 22, Asy Syuura: 37, 40, 43, At Taghaabun: 14, Al A'raaf: 199. **Bebaya fitnah** ing surat Al Anfaal: 25, 28, Al Mu'minun: 97, 98, Fushshilat: 36, Al An'aam: 111, 112, 121, **Ilmu jiwa naluri** ing surat An Nahl: 68—69, **Ilmu falak** ing surat Al Baqarah: 29, 189, Yunus: 5, Al Hijr: 16—17, Al Isra': 12, Al Anbiyaa' :33, Al Mu'minun: 17, Yaa Sin: 37—40, Ash Shaffaat: 6—8, Al Mulk: 5, An Naazi'aat: 28, Ath Thalaq: 1—3, 11, At Taubah: 36, **Undian, main lan arak iku haram** ing surat Al Maaidah: 90, Saba': 12—13, Al Baqarah: 219, Al Maaidah: 90—91, **Watak 'adil** ing surat An Nisaa': 58—59, 135, Al Maaidah: 8, 41, 42, Al An'aam: 152, Al A'raf: 29, Al Anbiyaa': 112, Az Zumar: 46, Al Hujuraat: 9, Al Mumtahanah: 8, An Nah Nahl: 90. **Rumeksa ing amanat** ing surat Al Baqarah: 283, Ali 'Imran: 75—76, An Nisaa': 58, Al Mu'minun: 8, **Watak resikan** ing surat Al Hajj: 29, Al Muddatstsir: 1—4, **Watak boros** ing surat Al An'aam: 141, Al A'raaf: 29, Al Isra': 26—29, Al Furqaan: 67, **Watak khiyanat (cidra)** ing surat Al Anfaal: 58, An Nisaa': 105—108, An Nahl: 92, 94, **Rumeksa ing sarira** ing surat An Nisaa': 25, Al Maaidah: 5, Al Mu'minun: 1, 5—7, An Nuur: 30, 33, 36, Al Ma'aarij: 29—30, 31, 35, **Sepeket persatuan** ing surat Ali 'Imran: 103, Al Maaidah: 32, An Nisaa': 25, Al Hujuraat: 10, 13, **Watak ria (pamer)** ing surat Al Baqarah: 264, Al Anfaal : 47, An Nisaa': 38, **Fakir-miskin** ing surat Al Baqarah: 155, 156, 177, 273, Al Isra': 28, 36, At Taubah: 4, **Kasugihan** ing surat Ali 'Imran: 10, Al Anfaal: 28, 36, An Nahl: 71, Al Kahfi: 46, Al Qashash: 77—82, Saba': 35—37, Al Hadid: 20, Al Muddatstsir: 6, Al Fajr: 20, Al Lail: 17—21, At Takaatsur: 1—8, Al Humazah: 1—4, **Dedagangan** ing surat Al Baqarah: 198, 280, 282—283, An Nisaa': 29, Al Jum'ah: 10—11, Al Muthaffifin: 1—3, **Karaharjan** ing surat Al Baqarah: 189, Al An'aam: 135, Al Hajj: 77, Az Zumar: 39, Al Jum'ah: 10, Al Lail: 1—7, Ibrahim: 24—27, **Nganyut tuwuh dosa gedhe** ing surat Al Baqarah: 178, An Nisaa': 29, 92, 93, Al Maaidah: 32, Al An'aam: 151, Al Isra': 33, Al Furqaan: 68, **Tumitah ing Bumi** ing surat Al Baqarah: 29, Al 'Ankabut: 19—20, 44, Luqman: 10, Qaaf: 38, Fushshilat: 9—12, Al Ahqaaf: 3, Al Qamar: 49—50, Al Hadid: 4, At Thalaq: 12, An Naba': 6, 7, 12, Al Mulk: 3, Ar Rahman: 7, **Tumitahing Lintang-Lintang** ing surat An Naba': 12-13, Al Mulk: 3, At Takwir: 15—16, An Naazi'at: 28, An Nahl: 12, Al Mu'minun: 17, Al Infithaar: 1—19, **Lelayaran** ing surat Yunus: 22, Al Isra': 66, 70, Luqman: 31—32, Az Zukhruf: 12—13, Yaa Sin: 41—43, Al Jaatsiyah: 12, Al 'Ankabut: 65, **Tumitahing roh (jiwa)** ing surat Ali 'Imran: 144, 185, Al Anbiyaa': 35, Al Isra': 85, Al Ankabut: 57, Az Zumar: 42, Asy Syamsy : 7—8, Al Muddatstsir: 38, **Bebrayane uriping manungsa** ing surat Al Baqarah: 86, 200, 212, Al An'aam: 32, Yunus :24, Hud: 15—16, Ar Ra'd: 26, Ibrahim: 3, Al Isra': 18, Al Kahfi: 45, Asy Syura: 20, Al 'Ankabut: 64, Luqman: 33, Al Hadid: 20, Tha Ha: 131, Al Qashash: 60, Ar Rum: 6—9, Az Zukhruf: 35, Al A'la: 16, **Bocah yatim** ing surat Al Baqarah: 83, 177, 220, An Nisaa': 2—3, 5—6, 8—10, 36, 127, Al Isra': 34, Al Maa'un: 1—2, Al Fajr: 17, Al Balad: 13,

4. Mung marang ngarsaning Allah pribadi panggonan sowanmu bali, lan PanjenengaNe iku kang Maha Kuwasa marang sakabehing perkara.

٤ - اِلَى اللّٰهِ مَرْجِعُكُمْ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Ilallaahi marji'ukum, wa huwa 'alaa kulli syai-in qadiir.

Bedane Sifating Wong Mu'min lan Wong Kafir.

5. Elingna! Sanyata kaum munafikin iku padha ngrendhem kagethingane, lan ana ing ati-atine mungsuhi Rasulullah, karepe padha ngumpetake wadine aja nganti katon dening Rasulullah, lan wong-wong kang padha iman. Elingna! Ing nalika dheweke padha kekudhung nganggo sandhangane, Allah ngawuningani kabeh. Satemene PanjenengaNe iku Maha Nguningani kabeh isining ati.

٥ - اَلَآ اِنَّهُمْ يَثْنُوْنَ صُدُوْرَهُمْ لِيَسْتَخْفُوْا مِنْهُ ۭ اَلَا حِيْنَ يَسْتَغْشُوْنَ ثِيَابَهُمْ ۙ يَعْلَمُ مَا يُسِرُّوْنَ وَمَا يُعْلِنُوْنَ ۚ اِنَّهٗ عَلِيْمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝

Alaa innahum yatsnuuna shuduurahum liyastakhfuu minhu, alaa hiina yastaghsyauna tsiyaabahum ya'lamu maa yusirruuna wamaa yu'linuun, innahuu 'aliimum bidzaatish-shuduur.

Jejungguling wong kafir ing surat Ali 'Imran: 28, 118, An Nisaa': 144, Al Maaidah: 31, 51, 55—58, At Taubah: 23—24, Al Ahzab: 6, Al Mumtahinah: 1, 7—9, Al Qalam: 8, **Dhemen gawe becik** ing surat Al Baqarah: 87, 177, 195, 261—263, Ali 'Imran: 15, 17, An Nisaa': 36, 114, Al Maaidah: 32, 48, Al Hujurat: 11—12, Al Muddatstsir: 44, Al Fajr: 16—20, Al Balad: 12—17, Al Lail: 17—21, Al Maa'uun: 1—3, An Nahl: 90, Al 'Ankabut: 8, Luqman: 14, Al Ahqaf: 15, Al An'aam: 151, Al Isra': 23, Yunus: 23, **Dhemen gawe rusak** ing surat Al Baqarah: 27, 68, Al Maaidah: 33, Al A'raaf: 56, 74, 85, Asy Syu'ara: 151—152, Muhammad: 22, **Laku aniaya (zhalim)** ing surat Yunus: 44, Hud: 101, Al Kahfi: 59, Al Ahqaf 19, Asy Syura: 40, An Nisaa': 148, Adz Dzaariyaat: 59, **Laku apus** ing surat Al Muthaffifiin: 1—3, **Watak sabar** ing surat Al Baqarah: 45, 153, 155—157, 177, Ali 'Imran: 15—17, 200, An Nahl: 126—128, Al Hajj: 34—35, Tha Ha: 130, Al Qashshash: 54, 79, 80, Al 'Ankabut: 58—59, Luqman: 17, Qaaf: 39, Ghaafir: 55, Al Muzzammil: 10, Ad Dahr: 24, Al Balad: 17, Al 'Ashr: 1—3, Ar Ra'd: 22, **Dedana (shadaqah)** ing surat Al Baqarah: 43, 110, 177, 215, 254, 263—265, 267, 270—274, Ali 'Imran: 92, 134, An Nisaa': 38, Al A'raaf: 156, Al Anfaal: 3, At Taubah: 34, 60, 67, 79, 99, 103, Al Furqan: 67, Ar Ra'd: 22, Ibrahim: 31, Al Hajj: 35, 41, Al Mu'minun: 4. Ar Rum: 39, Saba': 39, Faathir: 29, Luqman: 4, As Saj dah: 16, Yaa Sin: 47, Adz Dzaariyaat: 19, Al Hadid: 7, 18, Al Mujaadilah: 12—13, At Taghaabun: 16—18, Al Munaafiqun: 10—11, Al Ma'aarij: 24—25, Adhuha: 10—11, Al Maa'uun: 7, Al Muzzamiil: 20, **Kitab Taurat lan Injil** ing surat Al Baqarah: 78, 79, 113, 121, 140, 159, 174, Ali 'Imran: 71—72, 78, 187, An Nisaa': 46, Al Maaidah: 13, 15, 41, **Tekebur (kumalungkung)** ing surat An Nisaa': 36, 172, 178, An Nahl: 23—29, Al Isra': 37—38, As Saj dah: 15, Az Zumar: 60, 72, Ghaafir: 35, 76, Luqman: 18—19, **Nacad ing liyan** ing surat Al Hujurat: 11, Al Humazah: 1—2, **Da'wah (tabligh)** ing surat An Nahl: 125, Ibrahim: 4, Fushshilaat: 44, **Hawa-nafsu** ing surat Ali 'Imran: 14, An Nisaa': 135, Ar Rum: 29, Shad : 26, Al Qashash: 50, **Laku goroh** ing surat An Nisaa': 112, Al Hajj: 30, An Nur: 4, 19, 23, Ash Shaaf: 2—3, Al Qalam: 10—11, **Jiwa (sukma)** ing surat Ali 'Imran: 145, 185, Al Anbiyaa': 35, Al Isra': 85, Al 'Ankabut: 57, Az Zumar: 42, Asy Syamsy: 7—8, Al Muddatstsir: 38, **Mungkir janji** ing surat Al Anfaal: 55—58, Yusuf: 52.

JUZ 12

٦ - وَمَا مِنْ دَآبَّةٍ فِي الْأَرْضِ إِلَّا عَلَى اللَّهِ رِزْقُهَا وَيَعْلَمُ مُسْتَقَرَّهَا وَمُسْتَوْدَعَهَا ۚ كُلٌّ فِي كِتَابٍ مُّبِينٍ ۝

6. Lan ora ana sawijining gegremet kang urip ana ing Bumi, kajaba rezekine ditanggung dening Allah, lan PenjenengaNe nguningani ing panggonan tetepe kanggo urip lan panggonan tumitipe sawuse mati. Kabeh mau wus katulis ana ing Kitab kang nyata (Lauhul Mahfuzh).[506]

Wamaa min daabbatin fil ardhi illaa 'alallaahi rizquhaa wa ya'lamu mustaqarrahaa wa mustauda'ahaa, kullun fii kitaabim mubiin.

٧ - وَهُوَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ وَكَانَ عَرْشُهُ عَلَى الْمَاءِ لِيَبْلُوَكُمْ أَيُّكُمْ أَحْسَنُ عَمَلًا ۗ وَلَئِن قُلْتَ إِنَّكُم مَّبْعُوثُونَ مِن بَعْدِ الْمَوْتِ لَيَقُولَنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ مُّبِينٌ ۝

7. Lan PanjenengaNe Pangeran kang wus nitahake pirang-pirang Langit lan Bumi, sajroning nem dina, lan 'Arsye ana ing sadhuwuring banyu. Tumitahe iku kabeh, PanjenengaNe karsa nyoba marang sira kabeh, endi sira kabeh kang luwih becik 'amale. Lan temen manawa sira dhawuh Muhammad: "Satemene sira kabeh bakal pada diuripake maneh sawuse mati", mesthi wong-wong kafir padha calathu: "Ora liya iki kajaba sihir pengapus krama kang nyata!".

Wa huwalladzii khalaqas samaawaati wal ardha fii sittati ayyaamiw wakaana 'arsyuhuu 'alal maa-i liyabluwakum ayyukum ahsanu 'amalaa, wala-in qulta innakum mab'uutsuuna mim ba'dil mauti layaquulannal ladziina kafaruu in haadzaa illaa sihrum mubiin.

٨ - وَلَئِنْ أَخَّرْنَا عَنْهُمُ الْعَذَابَ إِلَىٰ أُمَّةٍ مَّعْدُودَةٍ لَّيَقُولُنَّ مَا يَحْبِسُهُ ۗ أَلَا يَوْمَ يَأْتِيهِمْ لَيْسَ مَصْرُوفًا عَنْهُمْ وَحَاقَ بِهِم مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ۝

8. Lan saupama Ingsun ngakhirake siksane wong-wong mau, nganti tekan mangsa kang katamtokake, mesthi wong-wong mau padha calathu: "Apa ya kang murungake tumuruning siksa iku?", O Elinga! Ana ing dinane siksa iku tumurun marang dheweke, babar pisan ora ana kang bisa ngalang-ngalangi siksa iku, marang dheweke, sarta malah banjur tumurun: bilahi kang wus padha disepelekake.

Wala-in akhkharnaa 'anhumul 'adzaaba ilaa ummatim ma'duudatil layaquulunna maa yahsibuh, alaa yauma ya'tiihim laisa mashruufan 'anhum wa haaqa bihim maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

506). Kalestarenipun tiyang gesang ing Ngalam Donya, Gusti Allah sampun nyadhiyakaken bahan-pokok (national recourses) kangge saben-saben Bangsa, makaten ugi kawontenan lingkungan (environment) ingkang damel kondisi sarta kamungkinan kamajengan tehnik. Wonten ing avat punika Allah andhawuhaken supados rezeki lan ajal dipun manfangataken kanthi sae-sae. Artosipun manawi saged kasembadan manfangataken bahan-pokok lan lingkungan ngantos makmur (gemah ripah loh jinawi) sarta pinaringan yuswa-panjang supados tambah santosa iman lan 'ibadahipun sarta kathah dedana dhumateng masyarakat, sampun ngantos adigang adigung adiguna, makaten menggah suraosipun tafsir ing ayat no. 6 lan no. 7 kasebat, wallaahu 'alam!

9. Dene manawa Ingsun paring rahmat marang manungsa, nuli Ingsun pundhut maneh, mesthi dheweke banjur padha nglokro saka sihing PangeraNe, tur ora padha duwe panarima sethithik-thithika.

٩- وَلَئِنْ أَذَقْنَا الْإِنسَانَ مِنَّا رَحْمَةً ثُمَّ نَزَعْنَاهَا مِنْهُ إِنَّهُ لَيَئُوسٌ كَفُورٌ ۝

Wala-in adzaqnal insaana minnaa rahmatan tsumma naza'naahaa minhu, innahuu laya-uusun kafuur.

10. Lan manawa Ingsun paring kani'matan sawuse nandhang kasusahan, mesthi dheweke ngucap: "Kasusahan wus ilang saka aku", banjur dheweke padha bungah-bungah, sarta gumunggung ambek kumalungkung!".

١٠- وَلَئِنْ أَذَقْنَاهُ نَعْمَاءَ بَعْدَ ضَرَّاءَ مَسَّتْهُ لَيَقُولَنَّ ذَهَبَ السَّيِّئَاتُ عَنِّي إِنَّهُ لَفَرِحٌ فَخُورٌ ۝

Wala-in adzaqnaahu na'maa-a ba'da dharraa-a massat-hu layaquulanna dzahabas sayyi-aatu 'annii, innahuu lafarihun fakhuur.

11. Kajaba wong-wong kang padha sabar, lan tumindak becik, dheweke oleh pangapura sarta ganjaran kang gedhe.[507]

١١- إِلَّا الَّذِينَ صَبَرُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ أُولَٰئِكَ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ كَبِيرٌ ۝

Illalladziina shabaruu wa 'amilush shaalihaat, ulaa-ika lahum maghfiratuw wa ajrun kabiir.

Kabeneraning Wahyu.

12. mBok manawa sira Muhammad ninggal (ora nekakake) saweneh dhawuh kang wus kawahyokake marang sira, lan mbok manawa dhadhanira dadi rupeg, jalaran dhawuh iku, awit sira wedi yen diwangsuli dening wong-wong mau: "Kena apa Muhammad kok ora dituruni raja brana, utawa teka bareng karo Malaikat?". Satemene sira iku Muhammad mung dadi juru pepeling, dene Allah iku kang pinasrahan kabeh perkara".

١٢- فَلَعَلَّكَ تَارِكٌ بَعْضَ مَا يُوحَىٰ إِلَيْكَ وَضَائِقٌ بِهِ صَدْرُكَ أَن يَقُولُوا لَوْلَا أُنزِلَ عَلَيْهِ كَنزٌ أَوْ جَاءَ مَعَهُ مَلَكٌ إِنَّمَا أَنتَ نَذِيرٌ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ وَكِيلٌ ۝

Fala'allaka taarikum ba'dha maa yuuhaa ilaika wa dhaa-iqum bihii shadruka ay yaquuluu laulaa unzila 'alaihi kanzun au jaa-a ma'ahu malak, innamaa anta nadziir, wallaahu 'alaa kulli syai-in wakiil.

---

507). Sampun satrepipun tiyang ingkang sabar lan tetep tumindak kasahenan (amal shaleh) punika ingkang menang sarta nampi kabegjan Donya-Akheratipun. Sabab tiyang sabar punika boten nate frustasi (nglokro) nanging tansah optimis (pangajeng-ajeng angsal pitulungipun Gusti Allah ageng sanget, dados boten gadah panyana awon dhumateng Allah SWT), lan malih tiyang ingkang remen amal shaleh punika mitranipun kathah, ingkang badhe purun saekapraya ugi kathah, dados gesangipun gembira lan amung ndherek dhumateng Gusti Allah piyambak manembah sarta nyuwun pitulung! Makaten katerang sawatawis ing ayat no. 8 dumugi no. 11.

13. Dheweke malah padha ngarani: "Qur'an iku digawe-gawe dening Muhammad!" Dhawuha sira: "Coba tekakna sepuluh Surat bae kang dikarang padha karo Quraan iku, sarta sira padha anjaluka pitulung sabisa-bisamu marang sapa bae saliyane Allah, yen nyata iku padha bener".

١٣- أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَاهُ قُلْ فَأْتُوا بِعَشْرِ سُوَرٍ مِّثْلِهِ مُفْتَرَيَاتٍ وَادْعُوا مَنِ اسْتَطَعْتُم مِّن دُونِ اللَّهِ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ۝

Am yaquuluu naftaraah, qul fa'tuu bi-'asyri suwarim mitslihii muftarayaatiw wad'uu manistatha'tum min duunillaahi inkuntum shaadiqiin.

14. Dene manawa dheweke padha ora bisa nuruti karepmu, mangertia yen Quraan iku diturunake kalawan 'ilmuning Allah,[508] lan satemene ora ana Pangeran kang sinembah, kajaba mung PanjenengaNe pribadi, apa sawuse ana hujah kang mangkono, sira kabeh banjur arep padha Islam?

١٤- فَإِلَّمْ يَسْتَجِيبُوا لَكُمْ فَاعْلَمُوا أَنَّمَا أُنزِلَ بِعِلْمِ اللَّهِ وَأَن لَّا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَهَلْ أَنتُم مُّسْلِمُونَ ۝

Fa-illam yastajiibuu lakum fa'lamuu annamaa unzila bi'ilmillaahi wa-al laa ilaaha illaa huwa fahal antum muslimuun.

15. Sapa sing ngarepake kauripan Donya lan kemompyorane,[509] ana ing Donya Ing sun bakal maringi wohe ngamale genep marang dheweke, sarta dheweke ana ing Donya iku ora padha dikurangi ganjarane.

١٥- مَن كَانَ يُرِيدُ الْحَيَاةَ الدُّنْيَا وَزِينَتَهَا نُوَفِّ إِلَيْهِمْ أَعْمَالَهُمْ فِيهَا وَهُمْ فِيهَا لَا يُبْخَسُونَ ۝

Man kaana yuriidul hayaatad dunyaa wa ziinatahaa nuwaffi ilaihim a'maa lahum fiihaa wahum fiihaa laa yubkhasuun

16. Ananging wong-wong mau ana ing Akherat ora oleh apa-apa, kajaba mung Neraka, lan sirna kabeh sabarang kang ditandangi ana ing Donya dening wong-wong mau, sarta sabarang kang wus padha ditindakake bakal muspra.

١٦- أُولَٰئِكَ الَّذِينَ لَيْسَ لَهُمْ فِي الْآخِرَةِ إِلَّا النَّارُ ۖ وَحَبِطَ مَا صَنَعُوا فِيهَا وَبَاطِلٌ مَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Ulaa-ikal ladziina laisa lahum fil aakhirati illan-naar, wa habitha maa shana'uu fiihaa wa baathilum maa kaanuu ya'maluun.

---

508). Artosipun, Al-Quraan punika ingkang andamel hamung Gusti Allah piyambak, Muhammad saw punika hamung Utusan ingkang andumugekaken piwulangipun Al-Quraan dhumateng para manungsa ing sa-Jagad-rat pramudita.

509). Menggah gamblangipun tafsir ayat no. 12 dumugi no. 16, kados makaten: manawi Wahyu Al-Quraan punika katiti priksa saking sosial-budaya utawi kasusastran, sarta 'ilmu aestetika lan ilmu budi-pakerti, punapa malih ilmu sejarah sarta ilmu pengantar-hukum, cetha wela-wela bilih Al-Quraan punika sanes damelanipun Muhammad saw ingkang wuta sastra, boten saged maos lan nyerat. Lan upami para Sastrawan ing Sadonya punika Kongres, perlu ayon damel Kitab tandhingan sami utawi langkung sae, badhe boten saged kalampahan. Pramila sumangga para kadang kula sadaya; samiya tambah sering maos Quraan, lan nliti suraos-suraosipun, insya Allah, Gusti Allah badhe paring manah-padhang sarta pinaringan gampil nyuraos lan 'amalaken. Dhuh para sutrisna, kados punapa ni'matipun gesang taqwa ingkang makaten punika!

17. Apa wong kang ngrungkebi Agama (kang cetha) saka PangeraNe, lan disartani dening sawijining saksi 510) saka ngarsaning Pangeran kang nyekseni kabeneran Agama mau, iku apa padha karo wong-wong kang mung ngudi panguripan Donya, lan pepaes bahe? Lan sadurunge Kitab Quraan iku tumurun, Kitabe Musa kang dadi panuntun, lan rahmat tumrap wong-wong kang gelem iman, yaiku wong-wong kang padha percaya marang Quraan. Dene sapa kang kafir marang Quraan, lan Nabi Muhammad, saka golongan Agama kabeh kang beda-beda, temen Neraka kang dadi panggonan baline. Jalaran saka iku, poma sira Muhammad aja mamang marang Quraan, satemene Quraan iku haq saka ngarsane Pangeranira, nanging akeh-akehe manungsa ora gelem padha iman".

١٧. أَفَمَنْ كَانَ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّهِ وَيَتْلُوهُ شَاهِدٌ مِّنْهُ
وَمِن قَبْلِهِ كِتَابُ مُوسَىٰ إِمَامًا وَرَحْمَةً ۚ أُولَٰئِكَ
يُؤْمِنُونَ بِهِ ۚ وَمَن يَكْفُرْ بِهِ مِنَ الْأَحْزَابِ فَالنَّارُ
مَوْعِدُهُ ۚ فَلَا تَكُ فِي مِرْيَةٍ مِّنْهُ ۚ إِنَّهُ الْحَقُّ مِن رَّبِّكَ
وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يُؤْمِنُونَ ۝

Afaman kaana 'alaa bayyinatim mir rabbihii wa yatluuhu syaahidum minhu wa min qablihii kitaabu muusaa imaamaw wa rahmah, ulaa-ika yu'minuuna bih, wamay yakfur bihii minal ahzaabi fannaaru mau'iduh, falaa taku fii miryatim minhu innahul haqqu mir rabbika walaakinna aktsaran naasi laa yu'minuun.

18. Lan sapa ta wong kang luwih zhalim ngungkuli wong kang gawe gegorohan diawadake saka ngarsaning Allah. Dheweke bakal padha disowanake menyang ngarsane Pangerane, lan saksi-saksine bakal matur: "Punika sadaya tetiyang ingkang maiben dhateng Pangeranipun". Elingna! La'nating Allah tetep marang wong-wong kang padha nganiaya.

١٨. وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا ۚ أُولَٰئِكَ
يُعْرَضُونَ عَلَىٰ رَبِّهِمْ وَيَقُولُ الْأَشْهَادُ هَٰؤُلَاءِ
الَّذِينَ كَذَبُوا عَلَىٰ رَبِّهِمْ ۚ أَلَا لَعْنَةُ اللَّهِ عَلَى
الظَّالِمِينَ ۝

510). Para Jumhur ahli tafsir anerangaken bilih saksi punika andika Malaikat Jibril a.s. utawi Al-Quraan punika piyambak sampun ateges rawuhipun Mu'jizat agung saking ngarsaning Allah SWT.

Pancen makaten para sutrisna, Quraan punika dados sumber-hukumipun Risalah (message) Dinul Islam ingkang kaampil dening Kanjeng Nabi Muhammad saw, Rasul akhir-zaman. Inggih punika ambangun sarta nyampurnakaken Agamining para Andika Nabi kina-kina. Piwucalipun Agami Islam punika gampil dipun tampi lan dipun mangertosi, amargi adhedhasar kawruh lan 'ilmu. Syari'atipun wiyar-mayar, gampil dipun lampahi dening sadhengaking manungsa saindhenging bawana sawarnining bangsa wonten sadayaning mangsa, tur boten sepen saking hikmah tuwin piguna.

Kitabipun Suci **Al-Quraan**, dhawuhipun cetha terang, gampil kasuraos, sekeca dipun waos lan dipun apalaken, kawontenanipun tetep jangkep, rineksa ing Allah SWT, suci murni boten wonten tanganing manungsa ingkang nyampuri, tur tumurun saking ngarsaning Allah Ingkang Maha Suci. Makaten ugi tindak tuwin pangandikanipun Kanjeng Nabi saw, ingkang minangka dados tafsir-katerangipun, nadyan namung prakawis tindak prayogi utawi kirang prayogi, boten wonten ingkang mrucut, sadaya kacakup sinerat dening para Pujangga wonten ing Kitab-kitabipun **Hadits**, tharik-tharik sarana urut. Awit saking punika, saupami wonten ingkang cariyos: "Ing Donya wis ora ana Agama kang murni tur saka ngarsane Allah, kajaba mung Agama Islam, lan ora ana pepacaking Agama kang tharik-tharik cetha terang, saliyane Agama Islam", saestu (makaten ngendikanipun **Ki Bagus Haji Hadikoesoema**, ing Kongres Ummat Islam ing Ngayogyakarta-Hadiningrat, tahun 1926) ingkang makaten punika boten nama lelangkungan utawi umuk-umukan, nanging namung satrep lan saleresipun kemawon. Jer pancen inggih makaten punika kawontenanipun ingkang sineksenan dening Donya, tuwin kanyatakaken wonten ing lelampahanipun. Kenging katiti priksa menggah kaleresanipun wonten ing nyatanipun. Sampun kathah para Sarjana ingkang ngandharaken makaten punika. Prayogi para sutrisna ambandhingaken maos buku "Die richtungen der Islamischen Koranaus - legung", karya **Prof. Ignaz Goldziher**, Leiden E.J. Brill. 1952. Buku "Mohammedanism", karya **Prof. H.A.R. Gibb**, Oxford University Press, London, 1954. Buku "Hukum Kewarisan bilateral menurut Al-Quraan", karya **Prof. Hazairin SH**, Tintamas, Jakarta. Buku "Medieval Islam", karya **Prof. G.E. von Grunebaum**, University Press, Chicago, Illinois.

Waman azhlamu mimmaniftaraa 'alallaahi kadzibaa, ulaa-ika yu'radhuuna 'alaa rabbihim wa yaquulul asyhaadu haa-ulaailladziina kadzabuu 'alaa rabbihim, alaa la'natullaahi 'alazh-zhaalimiin

19. Wong-wong mau kang sok ngalang-ngalangi wong-wong kang tumindak nyembah dedalane (Agamane) Allah, lan golek dalan kang menceng saka Agama kang bener, lan dheweke iku tetep kafir marang Akhirat.

١٩- الَّذِينَ يَصُدُّونَ عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ وَيَبْغُونَهَا عِوَجًا وَهُمْ بِالْآخِرَةِ هُمْ كَافِرُونَ ۝

Alladziina yashudduuna 'an sabiilillaahi wa yabghuunahaa 'iwajaa, wahum bil aakhirati hum kaafiruun.

20. Dheweke ora padha bisa ngendhani siksaning Allah ana ing Bumi, lan ora ana kang ngurus nulungi saliyane Allah. Siksa iku tumrap dheweke ditikelake. Wong-wong mau ora bakal bisa krungu caritane Muhammad lan ora bisa andeleng jalaran saka banget gethinge!

٢٠- أُولَٰئِكَ لَمْ يَكُونُوا مُعْجِزِينَ فِي الْأَرْضِ وَمَا كَانَ لَهُمْ مِنْ دُونِ اللَّهِ مِنْ أَوْلِيَاءَ يُضَاعَفُ لَهُمُ الْعَذَابُ مَا كَانُوا يَسْتَطِيعُونَ السَّمْعَ وَمَا كَانُوا يُبْصِرُونَ ۝

Ulaa-ika lam yakuunuu mu'jiziina fil ardhi wamaa kaana lahum min duunillaahi min auliyaa-a yudhaa'afu lahumul 'adzaab maa kaanuu yastathii'uunas sam'a wamaa kaanuu yubshiruun.

21. Dheweke padha ngrugekake awake dhewe, lan ilang temenan saka dheweke: kabeh kang padha digawe-gawe (kang ana ing Donya padha ditekadake bakal nyafa' ati).

٢١- أُولَٰئِكَ الَّذِينَ خَسِرُوا أَنْفُسَهُمْ وَضَلَّ عَنْهُمْ مَا كَانُوا يَفْتَرُونَ ۝

Ulaa-ikal ladziina khasiruu anfusahum wa dhalla 'anhum maa kaanuu yaftaruun.

22. Wus ora mamang maneh, yen wong-wong mau besuk ana ing Akhirat kegolong wong kang luwih rugi.

٢٢- لَا جَرَمَ أَنَّهُمْ فِي الْآخِرَةِ هُمُ الْأَخْسَرُونَ ۝

Laa jarama annahum fil aakhirati humul akhsaruun.

23. Satemene wong-wong kang padha iman sarta nindakake laku becik, lan khusyu' tur ikhlas marang Pangrane, mesthi dheweke padha dadi ahli Suwarga, ana ing kana padha langgeng.

٢٣- إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَأَخْبَتُوا إِلَىٰ رَبِّهِمْ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَنَّةِ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ۝

Innalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati wa akhbatuu ilaa rabbihim ulaaika ash-haabul jannati hum fiihaa khaaliduun.

24. Sanepane wong rong golongan, kang iman lan kang kafir, iku kaya dene wong kang wuta tur budheg karo kang awas tur krungu, apa padha senepa werna loro mau? Apa sira ora padha nganggep pitutur marang sasmitane Quraan iku?

٢٤- مَثَلُ الْفَرِيْقَيْنِ كَالْاَعْمٰى وَالْاَصَمِّ وَالْبَصِيْرِ وَ السَّمِيْعِ ۚ هَلْ يَسْتَوِيٰنِ مَثَلًا ۗ اَفَلَا تَذَكَّرُوْنَ ۝٢٤

Matsalul fariiqaini kal-a'maa wal ashammi wal bashiiri wassamii', hal yastawiyaani matsalaa, afalaa yadzdzakkaruun.

Caritane Nabi Nuh a.s.

25. Lan temen Ingsun wus ngutus Nabi Nuh marang kaume, ngandikane: "Satemene aku iku Utusan kang aweh pepeling marang sira kanthi nyata".

٢٥- وَلَقَدْ اَرْسَلْنَا نُوْحًا اِلٰى قَوْمِهٖٓ اِنِّيْ لَكُمْ نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ۝٢٥

Walaqad arsalnaa nuuhan ilaa qaumihii innii laku.n nadziirum mubiin.

26. "Yaiku sira aja padha nyembah, kajaba marang Allah pribadi, satemene aku nguwatirake marang sira kabeh ing siksa besuk dina kang banget larane".

٢٦- اَنْ لَّا تَعْبُدُوْٓا اِلَّا اللّٰهَ ۗ اِنِّيْٓ اَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ اَلِيْمٍ ۝٢٦

Allaa ta'buduu illallaah, innii akhaafu 'alaikum 'adzaaba yaumin aliim.

27. Ucape panggedhening kaume Nuh kang kafir: "Sak sumerep kita dhateng panjenengan, boten sanes kajawi namung tiyang limrah kados kita, lan sak sumerep kita boten sanes ingkang sami ndherek panjenengan, kajawi namung tetiyang ingkang asor tur bodho, cupet nalar, wah malih kirang ing pamanggih (enggal pitados kemawon). Sarta kita boten sumerep yen kautaman panjenengan nglangkungi kita, malah kita yakin, manawi panjenengan punika goroh".

٢٧- فَقَالَ الْمَلَاُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ قَوْمِهٖ مَا نَرٰىكَ اِلَّا بَشَرًا مِّثْلَنَا وَمَا نَرٰىكَ اتَّبَعَكَ اِلَّا الَّذِيْنَ هُمْ اَرَاذِلُنَا بَادِيَ الرَّاْيِ ۚ وَمَا نَرٰى لَكُمْ عَلَيْنَا مِنْ فَضْلٍ بَلْ نَظُنُّكُمْ كٰذِبِيْنَ ۝٢٧

Faqaalal mala-ul ladziina kafaruu min qaumihii maa naraaka illaa basyaram mitslanaa wamaa naraakat taba'aka illal ladziina hum araadzilunaa baadiyar ra'yi wamaa naraa lakum 'alainaa min fadhlin bal nazhunnukum kaadzibiin.

28. Nuh mangsuli: "He kaumku! Kapriye pamawasira saupama aku nyekeli alasan kang pertela terang saka ngarsane Pangeranku, sarta aku wus kaparingan rahmat saka ngarsaNe, rahmat iku disamarake marang sira, apa aku meksa marang sira kudu nampa rahmat mau, ing mangka sira banget gethinge?".

٢٨- قَالَ يٰقَوْمِ اَرَءَيْتُمْ اِنْ كُنْتُ عَلٰى بَيِّنَةٍ مِّنْ رَّبِّيْ وَاٰتٰىنِيْ رَحْمَةً مِّنْ عِنْدِهٖ فَعُمِّيَتْ عَلَيْكُمْ ۗ اَنُلْزِمُكُمُوْهَا وَاَنْتُمْ لَهَا كٰرِهُوْنَ ۝٢٨

Qaala yaa qaumi ara-aitum in kuntu 'alaa bayyinatim mir rabbii wa aataanii rahmatam min 'indihii fa'ummiyat 'alaikum, anulzimukumuuhaa wa antum lahaa kaarihuun.

29. Lan he kaumku! Aku ora njaluk bandha upahan marang sira anggonku nekakake piwulang iki, pituwasku ora liya kajaba ana ngarsane Allah, lan aku ora bisa nundhung wong-wong kang iman, sebab dheweke kang bakal disowanake marang ngarsane PangeraNe, nanging aku mangerti yen sira iku golongane wong kang bodho.

٢٩- وَيٰقَوْمِ لَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مَالًا ۖ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَى اللّٰهِ وَمَآ أَنَا بِطَارِدِ الَّذِينَ آمَنُوٓا ۚ إِنَّهُمْ مُلٰقُوا رَبِّهِمْ وَلٰكِنِّيٓ أَرٰىكُمْ قَوْمًا تَجْهَلُونَ ۝

Wa yaaqaumi laa as-alukum 'alaihi maalaa, in ajriya illaa 'alallaahi wamaa ana bithaaridil ladziina aamanuu, innahum mulaaquu rabbihim walaakinnii araakum qauman tajhaluun.

30. "Lan he kaumku! Sapa kang mitulungi aku saka siksane Allah, manawa aku nundhung wong-wong mau? Apa sira ora padha mangerti?

٣٠- وَيٰقَوْمِ مَنْ يَنْصُرُنِي مِنَ اللّٰهِ إِنْ طَرَدْتُهُمْ ۚ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ۝

Wa yaaqaumi may yanshurunii minallaahi in tharad-tuhum, afalaa tadzakkaruun.

31. Lan aku ora ngucap marang sira: yen gudhang-gudhang rezekine Allah iku ana ing tanganku; lan aku ora ngucap: "Aku mangerti barang ghaib; sarta aku ora ngucap: satemene aku iki Malaikat; lan aku ora ngucap: yen wong-wong kang katon asor ana ing panyawangira, Allah ora bakal paring kabecikan marang dheweke; Allah kang luwih uninga marang kabeh kang ana ing ati-atine; satemene manawa aku nganti tumindak mangkono, yekti dadi golongane wong-wong kang nganiaya.

٣١- وَلَآ أَقُولُ لَكُمْ عِنْدِي خَزَآئِنُ اللّٰهِ وَلَآ أَعْلَمُ الْغَيْبَ وَلَآ أَقُولُ إِنِّي مَلَكٌ وَلَآ أَقُولُ لِلَّذِينَ تَزْدَرِيٓ أَعْيُنُكُمْ لَنْ يُؤْتِيَهُمُ اللّٰهُ خَيْرًا ۖ اللّٰهُ أَعْلَمُ بِمَا فِيٓ أَنْفُسِهِمْ ۖ إِنِّيٓ إِذًا لَمِنَ الظّٰلِمِينَ ۝

Walaa aquulu lakum 'indii khazaa-inullaahi walaa a'lamul ghaiba walaa aquulu innii malakuw walaa aquulu lilladziina tazdarii a'yunukum lay yu'tiyahumullaahu khairaa, allaahu a'lamu bimaa fii anfusihim, innii idzal laminazh zhaalimiin.

32. Wong-wong mau mangsuli : "Dhuh Nabi Nuh! Yektos panjenengan sampun paben kaliyan kita, sarta sampun kapanjang-panjang pepabenan kita. Jalaran saking punika, mangga andhatengaken siksa ingkang sampun kaancamaken dhateng kita, manawi yektos panjenengan punika golonganipun tetiyang ingkang leres".

٣٢- قَالُوا يٰنُوحُ قَدْ جٰدَلْتَنَا فَأَكْثَرْتَ جِدَالَنَا فَأْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ إِنْ كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِينَ ۝

Qaaluu yaanuuhu qad jaadaltanaa fa-aktsarta jidaalanaa fa'tinaa bimaa ta'idunaa in kunta minash shaadiqiin.

33. Nuh mangsuli: "Sanyata kang bakal nibakake siksa marang sira iku mung Allah pribadi, manawa PanjenengaNe wus ngersakake, iku sira ora bisa luput saka siksa mau".

٣٣- قَالَ إِنَّمَا يَأْتِيكُمْ بِهِ اللّٰهُ إِنْ شَآءَ وَمَآ أَنْتُمْ بِمُعْجِزِينَ ۝

Qaala innamaa ya'tiikum bihillaahu insyaa-a wamaa antum bimu'jiziin.

34. Lan sanadyan aku aweh pepeling marang sira, pepelingku ora bisa manfa'at ing sira, saupama Allah karsa nyasarake marang sira PanjenengaNe pancen Pangeranira, lan hamung marang PanjenengaNe pribadi sira kabeh bakal padha disowanake"

٣٤. وَلَا يَنفَعُكُمْ نُصْحِيٓ إِنْ أَرَدتُّ أَنْ أَنصَحَ لَكُمْ إِن كَانَ اللَّهُ يُرِيدُ أَن يُغْوِيَكُمْ ۖ هُوَ رَبُّكُمْ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ۝

Walaa yanfa'ukum nush-hii in arad-tu an anshaha lakum in kaanallaahu yuriidu ay yughwiyakum, huwa rabbukum, wa ilaihi turja'uun.

35. Dheweke malah padha ngucap: "Nuh iku mung tansah gawe-gawe perkara bae kang ditekakake marang kita". Dhawuha sira Nuh: "Manawa aku pancen gawe-gawe perkara iku, dosane dak sanggane dhewe, lan aku ora magepokan kalawan dosanira".

٣٥. أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَىٰهُ ۖ قُلْ إِنِ افْتَرَيْتُهُ فَعَلَيَّ إِجْرَامِي وَأَنَا۠ بَرِيٓءٌ مِّمَّا تُجْرِمُونَ ۝

Am yaquuluu naftaraah, qul iniftaraituhuu fa'alayya ijraamii wa ana barii-um mimmaa tujrimuun.

36. Lan Nuh wus kaparingan wahyu, pangandikanIngsun: "Satemene kaumira iku ora bakal ana maneh kang gelem iman, kajaba wong kang wus iman iku, mulane sira aja susah marga kekafiran kang wus ditindakake dening wong-wong mau".

٣٦. وَأُوحِيَ إِلَىٰ نُوحٍ أَنَّهُ لَن يُؤْمِنَ مِن قَوْمِكَ إِلَّا مَن قَدْ ءَامَنَ فَلَا تَبْتَئِسْ بِمَا كَانُوا۟ يَفْعَلُونَ ۖ

Wa uuhiya ilaa nuuhin annahuu lay yu'-mina min qaumika illaa man qad aamana falaa tabta-is bimaa kaanuu yaf'aluun.

37. "Lan sira gaweya prahu kalawan pangreksaning pangawasanIngsun, sarta kalawan wahyu ning-Sun, lan sira aja ngaturake maneh marang Ingsun perkarane kaum-kaum kang nganiaya, jalaran satemene wong-wong mau bakal dikelem kabeh".

٣٧. وَٱصْنَعِ ٱلْفُلْكَ بِأَعْيُنِنَا وَوَحْيِنَا وَلَا تُخَٰطِبْنِى فِى ٱلَّذِينَ ظَلَمُوٓا۟ ۖ إِنَّهُم مُّغْرَقُونَ ۝

Washna'il fulka bi-aghyuninaa wa wahyinaa walaa tukhaathibnii filladziina zhalamuu, innahum mughraquun.

38. Nabi Nuh banjur gawe prahu, lan saben-saben para penggedhene kaume liwat nuli anggeguyu, Nabi Nuh banjur ngandika: "Manawa sira tansah anggeguyu aku, aku uga anggeguyu ing sira, kaya anggonira tansah anggeguyu ing aku".

٣٨. وَيَصْنَعُ ٱلْفُلْكَ وَكُلَّمَا مَرَّ عَلَيْهِ مَلَأٌ مِّن قَوْمِهِۦ سَخِرُوا۟ مِنْهُ ۚ قَالَ إِن تَسْخَرُوا۟ مِنَّا فَإِنَّا نَسْخَرُ مِنكُمْ كَمَا تَسْخَرُونَ ۝

Wa yashna'ul fulk, wa kullamaa marra 'alaihi mala-um min qaumihii sakhiruu minhu qaala in taskharuu minnaa fa-innaa naskharu minkum kamaa taskharuun.

39. "Sira bakal padha mangerti, sapa kang katekanan siksa kang nginakake ana ing Donya iki. Lan sapa kang bakal kapatrapan siksa kang langgeng ana ing Akherat".

٣٩- فَسَوْفَ تَعْلَمُوْنَ مَنْ يَّأْتِيْهِ عَذَابٌ يُّخْزِيْهِ وَ يَحِلُّ عَلَيْهِ عَذَابٌ مُّقِيْمٌ ۝

Fasaufa ta'lamuuna may ya'tiihi 'adzaabuy yuhziihi wa yahillu 'alaihi 'adzaabum muqiim.

40. Bareng wus tekan titimangsane tumibaning siksanIngsun, sarta banyu wus mancur saka Bumi, Ingsun ngandika marang Nuh: "Sira angemotna ana ing prahu iku kabeh sawarnaning sato-kewan sajodho-sajodho, lan ahli-kulawarganira kajaba ahlinira kang wus luwih dhisik oleh kaputusan bakal kapatrapan siksa, lan uga wong-wong kang iman". Lan ora ana kang iman bebarengan kalawan Nuh, kajaba mung sathithik".

٤٠- حَتّٰٓى اِذَا جَآءَ اَمْرُنَا وَفَارَ التَّنُّوْرُ قُلْنَا احْمِلْ فِيْهَا مِنْ كُلٍّ زَوْجَيْنِ اثْنَيْنِ وَاَهْلَكَ اِلَّا مَنْ سَبَقَ عَلَيْهِ الْقَوْلُ وَمَنْ اٰمَنَ ۗ وَمَآ اٰمَنَ مَعَهٗٓ اِلَّا قَلِيْلٌ ۝

Hattaa idzaa jaa-a amrunaa wa faarattannuur, qul nahmil fiihaa min kullin zaujainits naini wa ahlaka illaa man sabaqa 'alaihil qaulu waman aamana, wamaa aamana ma'ahuu illaa qaliil.

41. Lan Nuh ngandika: "Sira kabeh padha nungganga prahu kalawan nyebut asmane Allah ing nalika layare, lan nalika labuhe. Satemene Pangeranku iku sayekti Maha Ngapura tur Maha Asih".

٤١- وَقَالَ ارْكَبُوْا فِيْهَا بِسْمِ اللّٰهِ مَجْرٖىهَا وَمُرْسٰىهَا ۗ اِنَّ رَبِّيْ لَغَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Wa qaalarkabuu fiihaa bismillaahi majreehaa wa mursaahaa, inna rabbii laghafuurur rahiim.

42. Prahune tumuli mlaku nggawa momotane ana ing alun kang gedhene sagunung-gunung, Nuh nuli ngundang-ngundang anake,[511] kang nggone wus adoh, kerang-kang-rangkang ana ing jurang: "Anakku angger! Mrenea nunggang karo aku, lan poma kowe aja melu-melu karo wong kang padha kafir".

٤٢- وَهِيَ تَجْرِيْ بِهِمْ فِيْ مَوْجٍ كَالْجِبَالِ ۖ وَنَادٰى نُوْحُ ابْنَهٗ وَكَانَ فِيْ مَعْزِلٍ يّٰبُنَيَّ ارْكَبْ مَّعَنَا وَلَا تَكُنْ مَّعَ الْكٰفِرِيْنَ ۝

Wahiya tajrii bihim fii maujin kaljibaal, wa naadaa nuuhu nibhanuu wa kaana fii ma'ziliy yaa bunayyarkab ma'anaa walaa takum ma'al kaafiriin.

43. Anake mangsuli: "Boten, kula badhe ngungsi wonten redi punika kemawon kok pak, amrih kula wilujeng saking bebaya toya punika". Nuh ngandika: "Ana ing dina iki, ora ana kang bisa nylametake saka siksane Allah, kajaba wong kang diwelasi dening PanjenengaNe". Sawuse mangkono, antarane Nuh lan anake keletan dening

٤٣- قَالَ سَاٰوِيْٓ اِلٰى جَبَلٍ يَّعْصِمُنِيْ مِنَ الْمَآءِ ۗ قَالَ لَا عَاصِمَ الْيَوْمَ مِنْ اَمْرِ اللّٰهِ اِلَّا مَنْ رَّحِمَ ۚ وَحَالَ بَيْنَهُمَا الْمَوْجُ فَكَانَ مِنَ الْمُغْرَقِيْنَ ۝

511). Putranipun Nabi Nuh a.s. ingkang kafir naminipun Qanaan, dene ingkang sami iman naminipun Sam, Ham lan Yafits.

ombak, wekasan anake Nuh katut dadi golongane wong kang padha dikelem".

Qaala sa-aawii ilaa jabaliy ya'shimunii minal maa', qaala laa 'aashimal yauma min amrillaahi illaa mar rahim, wa haala bainahumal mauju fakaana minal mughraqiin.

44. Lan didhawuhake: "He Bumi, sesepen banyumu!", lan "He Langit kekeren banyumu!". Bareng wus mangkono banyu mau sanalika banjur asat, sarta wus dirampungake pangrusake kaum Nuh, lan prahune mau mandheg ana ing gunung Judi. 512) Lan didhawuhake: "Lah wus nyata rusak kabeh kaum kang padha nganiaya".

٤٤. وَقِيلَ يَٰٓأَرْضُ ابْلَعِى مَآءَكِ وَيَٰسَمَآءُ أَقْلِعِى وَغِيضَ ٱلْمَآءُ وَقُضِىَ ٱلْأَمْرُ وَٱسْتَوَتْ عَلَى ٱلْجُودِىِّ وَقِيلَ بُعْدًا لِّلْقَوْمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝

Wa qiila yaa ardhubla'ii maa-aki wa yaasamaa-u aqli'ii wa ghiidhal maa-u wa qudhiyal amru wastawat 'alal juudiyyi wa qiila bu'dal lilqaumizh zhaalimiin.

45. Lan Nabi Nuh nenuwun marang PangeraNe, ature: "Dhuh Pangeran kula! Saleresipun anak punika rak hinggih golonganipun ahli kula, mangka sayektosipun janji Paduka punika leres, lan Paduka punika Pangeran Ingkang langkung wicaksana paring katamtuan hukum".

٤٥. وَنَادَىٰ نُوحٌ رَّبَّهُۥ فَقَالَ رَبِّ إِنَّ ٱبْنِى مِنْ أَهْلِى وَإِنَّ وَعْدَكَ ٱلْحَقُّ وَأَنتَ أَحْكَمُ ٱلْحَٰكِمِينَ ۝

Wa naadaa nuuhur rabbahuu faqaala rabbi innabnii min ahlii wa inna wa'dakal haqqu wa anta ahkamul haakimiin.

46. Allah ngandika: "He Nuh, satemene anakmu iku dudu golongane ahlinira, awit anakmu iku lakune ora becik. Jalaran saka iku, sira aja nyuwun marang Ingsun apa-apa kang sira durung mangerti. Satemene Ingsun paring pitutur marang sira supaya sira aja nganti dadi golongane wong kang bodho".

٤٦. قَالَ يَٰنُوحُ إِنَّهُۥ لَيْسَ مِنْ أَهْلِكَ ۖ إِنَّهُۥ عَمَلٌ غَيْرُ صَٰلِحٍ ۖ فَلَا تَسْـَٔلْنِ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِۦ عِلْمٌ ۖ إِنِّىٓ أَعِظُكَ أَن تَكُونَ مِنَ ٱلْجَٰهِلِينَ ۝

Qaala yaa nuuhu innahuu laisa min ahlik, innahuu 'amalun ghairu shaalih, falaa tas-alni maa laisa laka bihii 'ilm, innii a'izhuka an takuuna minal jaahiliin.

47. Nuh matur: "Dhuh Pangeran kula! Saestu kula nyuwun reksa dhateng Paduka, saking kalepatan kula, dene kula sampun kami purun melehaken nyuwun ing ngarsa Paduka, perkawis ingkang kula boten mangertos. Saupami Paduka boten kersa paring ngapunten, tuwin welas dhumateng kula, estu kula kalebet golonganipun tetiyang ingkang kapitunan".

٤٧. قَالَ رَبِّ إِنِّىٓ أَعُوذُ بِكَ أَنْ أَسْـَٔلَكَ مَا لَيْسَ لِى بِهِۦ عِلْمٌ ۖ وَإِلَّا تَغْفِرْ لِى وَتَرْحَمْنِىٓ أَكُن مِّنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ۝

Qaala rabbi innii a'uudzubika an as-alaka maa laisa lii bihii 'ilm, wa illaa taghfirlii wa tarhamnii akum minal khaasiriin.

512). Redi Judi punika wonten ing telatah Armenia sisih kidul, ing tapel wates kaliyan Mesopotamia, makaten paniti priksaning para ahli Sejarah.

48. Nuh nuli didhawuhi: "He Nuh, sira mudhuna kanthi slamet restu saka ngarsanIngsun, berkahing-Sun tetepa marang sira, sarta ana saweneh umat kang bakal Ingsun paringi kasenengan bebarengan kalawan sira". Lan sagolongan umat ana kang bakal Ingsun senengake, nanging dheweke banjur padha kapatrapan siksa kang banget larane.

٤٨- قِيلَ يٰنُوحُ اهْبِطْ بِسَلٰمٍ مِّنَّا وَبَرَكٰتٍ عَلَيْكَ وَ
عَلٰٓى أُمَمٍ مِّمَّنْ مَّعَكَ وَأُمَمٌ سَنُمَتِّعُهُمْ ثُمَّ يَمَسُّهُم
مِّنَّا عَذَابٌ أَلِيمٌ ٥

Qiila yaa nuuhuh-bith bisalaamim minnaa wa barakaatin 'alaika wa 'alaa umamim mimmam ma'ak, wa umamun sanumatti'uhum tsumma yamassuhum minnaa 'adzaabun aliim.

49. Mangkono iku sawenehe kabar-kabar ghaib, kang Ingsun wahyokake marang sira Muhammad. Sira lan kaumira ora padha mangerti dedongengan mau sadurunge Qur' an iki diturunake. Sira disabar, jalaran satemene wekasan kang becik iku, tumrap wong-wong kang padha wedi marang Allah".

٤٩- تِلْكَ مِنْ أَنۢبَآءِ الْغَيْبِ نُوحِيهَآ إِلَيْكَ مَا كُنتَ
تَعْلَمُهَآ أَنتَ وَلَا قَوْمُكَ مِن قَبْلِ هٰذَا فَاصْبِرْ
إِنَّ الْعَٰقِبَةَ لِلْمُتَّقِينَ ٥

Tilka min ambaa-il ghaibi nuuhiihaa ilaik, maa kunta ta'lamuhaa anta walaa qaumuka min qabli haadzaa, fashbir, innal 'aaqibata lilmuttaqiin.

Caritane Nabi Hud a.s.

50. Lan Ingsun wus ngutus marang kaum 'Ad, sadulur tunggal turunane, yaiku Hud, pangandikane: "He kaumku, sira nyembaha marang Allah, jalaran sira ora duwe Pangeran kang sinembah kajaba mung PanjenengaNe. Ora liya sira iku, kajaba wong kang padha goroh kabeh".

٥٠- وَإِلٰى عَادٍ أَخَاهُمْ هُودًا قَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللَّهَ
مَا لَكُم مِّنْ إِلٰهٍ غَيْرُهُ إِنْ أَنتُمْ إِلَّا مُفْتَرُونَ ٥

Wa ilaa 'aadin akhaahum huudaa, qaala yaa qaumi'budullaaha maa lakum min ilaahin ghairuh, in antum illaa muftaruun..

51. "He kaumku, aku ora anjaluk opah anggonku nekakake pepeling, sabab ora liya pituwasku iku saka ing ngarsaning Pangeran kang nitahake aku. Apa sira ora padha mikir-mikir?".

٥١- يٰقَوْمِ لَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ أَجْرًا إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَى
الَّذِي فَطَرَنِي أَفَلَا تَعْقِلُونَ ٥

Yaa qaumi laa as-alukum 'alaihi ajraa, in ajriya illaa 'alal ladzii fatharanii, afalaa ta'qiluun.

52. "Lan maneh he kaumku, nyuwuna pangapura marang Pangeranira, banjur tobata marang PanjenengaNe, yekti ing mengko PanjenengaNe nurunake udan kang ora leren-leren, lan PanjenengaNe nambahi kekuwatan marang kekuwatanira kang wus ana, lan sira aja nulak marang nasehatku, kalawan tumindak dosa".

٥٢- وَيٰقَوْمِ اسْتَغْفِرُوا رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوبُوٓا إِلَيْهِ يُرْسِلِ
السَّمَآءَ عَلَيْكُم مِّدْرَارًا وَيَزِدْكُمْ قُوَّةً إِلٰى قُوَّتِكُمْ
وَلَا تَتَوَلَّوْا مُجْرِمِينَ ٥

Wa yaaqaumis taghfiruu rabbakum tsumma tuubuu ilaihi yursilis samaa-i 'alaikum midraaraw wa yazidkum quwwatan ilaa quwwatikum walaa tatawallau mujrimiin.

53. Kaume Hud matur: "Nabi Hud, panjenengan boten ndhatengaken saksi dhateng kita, sarta kita boten badhe kendel anggen kita nyembah dhateng Pepundhen kita, namung saking pangandika panjenengan, lan kita boten badhe purun iman dhateng panjenengan".

٥٣- قَالُوا يٰهُوْدُ مَا جِئْتَنَا بِبَيِّنَةٍ وَّمَا نَحْنُ بِتَارِكِيْٓ
اٰلِهَتِنَا عَنْ قَوْلِكَ وَمَا نَحْنُ لَكَ بِمُؤْمِنِيْنَ ۝

Qaaluu yaahuudu maa ji'tanaa bibayyinatiw wamaa nahnu bitaarikii aalihatinaa 'an qaulika wamaa nahnu laka bimu'miniin.

54. "Kita boten matur punapa-punapa, kajawi panjenengan punika tiyang ingkang kasiku dening sawenehing Pangeran kita, jalaran asring panjenengan undhat-undhat". Nabi Hud mangsuli: "Satemene aku nyeksekake marang Allah, lan sira uga nyeksekna, manawa satemene aku resik, ora candhuk lawung saka sesembahan kang sira sembah".

٥٤- اِنْ نَّقُوْلُ اِلَّا اعْتَرٰىكَ بَعْضُ اٰلِهَتِنَا بِسُوْٓءٍ ۗ قَالَ اِنِّيْٓ
اُشْهِدُ اللّٰهَ وَاشْهَدُوْٓا اَنِّيْ بَرِيْٓءٌ مِّمَّا تُشْرِكُوْنَ ۝

In naquulu illa'taraaka ba'dhu aalihatinaa bisuu-in qaala innii usyhidullaaha wasyhaduu annii barii-um mimmaa tusyrikuun.

55. "Saka saliyane Allah. Jalaran saka iku mara padha mbudi dayaha kanggo ngrusak marang aku, sarta ora perlu kowe nyrantekake marang aku".

٥٥- مِنْ دُوْنِهٖ فَكِيْدُوْنِيْ جَمِيْعًا ثُمَّ لَا تُنْظِرُوْنِ ۝

Min duunihii fakiiduunii jamii'an tsumma laa tunzhiruun.

56. "Satemene aku pasrah marang Allah Pangeranku lan hiya Pangeranira kabeh. Ora ana gegremet (makhluk) siji-sijia, kajaba PanjenengaNe kang ngasta mbun-bunane pati uripe. Sanyata Pangeranku iku tetep ana ing dalan kang bener".

٥٦- اِنِّيْ تَوَكَّلْتُ عَلَى اللّٰهِ رَبِّيْ وَرَبِّكُمْ ۗ مَا مِنْ دَآبَّةٍ
اِلَّا هُوَ اٰخِذٌۢ بِنَاصِيَتِهَا ۗ اِنَّ رَبِّيْ عَلٰى صِرَاطٍ
مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Innii tawakkaltu 'alallaahi rabbii wa rabbikum, maa min daabbatin illaa hua aakhidum binaashiyatihaa, inna rabbii 'alaa shiraathim mustaqiim.

57. "Dene manawa sira padha mopo, watone aku wus nekakake kabeh kang diprentahake marang sira, lan Pangeranku bakal angganti kalawan wong-wong saliyane sira, lan sira wis ora nusahake maneh marang PanjenengaNe sathithik-thithika, satemene Pangeranku kang Ngreksa ing sakabehing perkara".

٥٧- فَاِنْ تَوَلَّوْا فَقَدْ اَبْلَغْتُكُمْ مَّآ اُرْسِلْتُ بِهٖٓ اِلَيْكُمْ ۗ
وَيَسْتَخْلِفُ رَبِّيْ قَوْمًا غَيْرَكُمْ ۚ وَلَا تَضُرُّوْنَهٗ شَيْـًٔا ۗ اِنَّ
رَبِّيْ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ حَفِيْظٌ ۝

Fa-in tawallau faqad ablaghtukum maa ursiltu bihii ilaikum, wa yastakhlifu rabbii qauman ghairakum, walaa tadhurruunahuu syai-aa, inna rabbii 'alaa kulli syai-in hafiizh.

58. Lan sawuse kelakon siksanIngsun tumiba, Ingsun banjur nylametake Hud apa dene wong-wong kang padha iman, bebarengan ndherek karo Nabi Hud, kalawan entuk rahmat saka ngarsanIngsun, sarta Ingsun nylametake wong-wong mau saka siksa kang abot banget.

٥٨ - وَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا نَجَّيْنَا هُودًا وَّالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَعَهٗ
بِرَحْمَةٍ مِّنَّا ۚ وَنَجَّيْنٰهُمْ مِّنْ عَذَابٍ غَلِيْظٍ ۝

Wa lammaa jaa-a amrunaa najjainaa hudaw walladziina aamanuu ma'ahuu birahmatim minnaa, wa najjainaahum min 'adzaabin ghaliizh.

59. Lah hiya iku kaume 'Ad, kang wus ngemohi marang ayat-ayate Pangerane, lan padha ambangkang marang para UtusaNe Allah, malah dheweke padha manut prentahe para panggedhe kang kumalungkung tur angas ngungkurake Allah.

٥٩ - وَتِلْكَ عَادٌ ۖ جَحَدُوْا بِاٰيٰتِ رَبِّهِمْ وَعَصَوْا رُسُلَهٗ
وَاتَّبَعُوْٓا اَمْرَ كُلِّ جَبَّارٍ عَنِيْدٍ ۝

Wa tilka 'aadun, jahaduu bi-aayaati rabbihim wa 'ashau rusulahuu wattaba-'uu amra kulli jabbaarin 'aniid.

60. Lan kaum 'Ad iku diiringake dening la'nat ana ing Donya iki, lan ana ing besuk dina Qiyamat. Elingna! Satemene kaum 'Ad iku kafir marang Pangerane. Elingna maneh! Adoh temen sih rahmaTe Allah marang 'Ad kaume Nabi Hud.

٦٠ - وَاُتْبِعُوْا فِيْ هٰذِهِ الدُّنْيَا لَعْنَةً وَّيَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ اَلَآ
اِنَّ عَادًا كَفَرُوْا رَبَّهُمْ ۗ اَلَا بُعْدًا لِّعَادٍ قَوْمِ هُوْدٍ ۝

Wa utbi'uu fii haadzihid dunyaa la'nataw wa yaumal qiyaamah, alaa inna 'aadan kafaruu rabbahum, alaa bu'dal li'aadin qaumi huud.

Caritane Nabi Shaleh a.s.

61. Lan Ingsun wus ngutus sadulure yaiku Shaleh, marang kaum Tsamud. Dheweke ngandika: "He kaumku! Sira nyembaha Allah, sira ora padha duwe Pepundhen liyane Allah. PanjenengaNe kang wus nitahake sira saka bumi, lan PanjenengaNe nakdirake sira dadi pemakmur Donya 513) manggon ana ing Bumi. Jalaran saka iku sira nyuwuna pangapura, banjur tobata marang PanjenengaNe, satemene Pangeranku iku cedhak tur kang Nyembadani ing panyuwun".

٦١ - وَاِلٰى ثَمُوْدَ اَخَاهُمْ صٰلِحًا ۗ قَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ
مَا لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ غَيْرُهٗ ۗ هُوَ اَنْشَاَكُمْ مِّنَ الْاَرْضِ
وَاسْتَعْمَرَكُمْ فِيْهَا فَاسْتَغْفِرُوْهُ ثُمَّ تُوْبُوْٓا اِلَيْهِ ۗ
اِنَّ رَبِّيْ قَرِيْبٌ مُّجِيْبٌ ۝

Wa ilaa tsamuuda akhaahum shaalihan qaala yaa qaumi'budul laaha maa lakum min ilaahin ghairuh, huwa ansya-akum minal ardhi wasta'marakum fiihaa fastaghfiruu hu tsumma tuubuu ilaih, inna rabbii qariibum mujiib.

513). Artosipun jejer (fungsi) ipun manungsa wonten ing Donya punika tanggel-jawab, lan gadhah hak ngolah bahan pokok energi lan alam sakiwa-tengenipun, kagem kamakmuran sesarengan, material sarta spiritual (Donya lan Akheratipun). Inggih sinten ingkang nindakaken makaten punika ateges 'amalaken ibadah ing Agami lan ibadah ing Sosial.

٦٢- قَالُوا يٰصٰلِحُ قَدْ كُنْتَ فِيْنَا مَرْجُوًّا قَبْلَ هٰذَآ اَتَنْهٰنَآ اَنْ نَّعْبُدَ مَا يَعْبُدُ اٰبَآؤُنَا وَاِنَّنَا لَفِيْ شَكٍّ مِّمَّا تَدْعُوْنَآ اِلَيْهِ مُرِيْبٍ ۝

62. Kaume padha matur: "Dhuh Shaleh, saleresipun panjenengan sampun kita ajeng-ajeng dados panutan kita. Nanging kenging punapa panjenengan ngawisi kita nyembah dhateng ingkang sampun dipun sembah dening tetiyang sepuh kita, lan yektos kita lajeng mamang dhateng Agami ingkang panjenengan ajakaken, tur cetha kamamanganipun".

Qaaluu yaa shaalihu qad kunta fiinaa marjuwwan qabla haadzaa atanhaanaa an na'buda maa ya'budu aabaa-unaa wa innanaa lafii syakkim mimmaa tad-'uunaa ilaihi muriib.

٦٣- قَالَ يٰقَوْمِ اَرَءَيْتُمْ اِنْ كُنْتُ عَلٰى بَيِّنَةٍ مِّنْ رَّبِّيْ وَاٰتٰىنِيْ مِنْهُ رَحْمَةً فَمَنْ يَّنْصُرُنِيْ مِنَ اللّٰهِ اِنْ عَصَيْتُهٗ ۗ فَمَا تَزِيْدُوْنَنِيْ غَيْرَ تَخْسِيْرٍ ۝

63. Shaleh mangsuli: "He kaumku, kapriye mungguh pamawasira, saupama aku nyekel sawijining bukti katerangan saka Pangeranku, lan PanjenengaNe paring rahmat marang aku, sapa kang bisa nulungi aku saka siksane Allah manawa aku ambangkang marang Pangeranku? Hla kok sira ora anambahi marang aku, kajaba mung kapitunan".

Qaala yaa qaumi ara-aitum in kuntu 'alaa bayyinatim mir rabbii wa aataanii minhu rahmatan faman yanshurunii minallaahi in 'ashaituh, famaa taziiduunanii ghaira takhsiir.

٦٤- وَيٰقَوْمِ هٰذِهٖ نَاقَةُ اللّٰهِ لَكُمْ اٰيَةً فَذَرُوْهَا تَاْكُلْ فِيْٓ اَرْضِ اللّٰهِ وَلَا تَمَسُّوْهَا بِسُوْٓءٍ فَيَاْخُذَكُمْ عَذَابٌ قَرِيْبٌ ۝

64. "Lan he kaumku, iki ontane Allah kang dadi tandha bukti tumrap sira, jalaran saka iku, ujanen bae kareben mangan ana ing Bumining Allah, lan poma dipoma aja disikara, sabab mengko sira mesthi bakal kapatrapan siksa kang ndadak".

Wa yaa qaumi haadzihii naaqatullaahi lakum aayatan fadzaruuhaa na'kul fii ardhillaahi walaa tamassuuhaa bisuu-in faya'khudzakum 'adzaabun qariib.

٦٥- فَعَقَرُوْهَا فَقَالَ تَمَتَّعُوْا فِيْ دَارِكُمْ ثَلٰثَةَ اَيَّامٍ ۗ ذٰلِكَ وَعْدٌ غَيْرُ مَكْذُوْبٍ ۝

65. Wong-wong mau nuli nyembelih onta mau. Nabi Shaleh ngandika: "Sira padha seneng-senenga ana ing omahira telung dina lawase, 514) kang mangkono iku janji kang ora kena diselaki".

Fa'aqaruuhaa faqaala tamatta'uu fii daarikum tsalaatsata ayyaam, dzaalika wa'dun ghairu makdzuub.

514). Ahli tafsir anerangaken, bilih dinten suka-suka ondro wino punika tigang dalu tigang dinten, dumadakan lajeng kasiksa dening bebenduning Allah, sabab nerak wewalering Agami. Makaten tehnis bebendu ing zaman samanten, dene tehnis bebenduning Allah ing zaman tehnologi modern sampun tamtu beda malih. Kenging punapa? Sabab tehnis manungsa nerjang wewaler (angger-angger) Agami inggih tambah tehnis-modern (inggil), ananging prinsip Maha Adilipun Allah, tamtu paring bebendu-siksa dhumateng sintena ingkang murang syara' lan paring ganjaran dhumateng sintena ingkang ta'at utawi taqwa.

66. Sawuse tekan mangsane siksanIngsun, Ingsun banjur nylametake Nabi Shaleh lan wong-wong kang bebarengan iman kalawan dheweke, kanthi sih rahmat saka ngarsan-Ingsun, lan Ingsun nylametake wong-wong mau, saka siksane dina kang nginakake. Satemene Pangeranira Muhammad, iku Pangeran kang Maha Kuwat tur Maha Gagah.

٦٦- فَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا نَجَّيْنَا صٰلِحًا وَّالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَعَهٗ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَمِنْ خِزْيِ يَوْمِئِذٍ ۗ اِنَّ رَبَّكَ هُوَ الْقَوِيُّ الْعَزِيْزُ ۝

Falammaa jaa-a amrunaa najjainaa shaalihaw walladziina aamanuu ma'ahuu birahmatim minnaa wa min khizyi yaumiidz, inna rabbaka huwal qawiyyul 'aziiz.

67. Lan wong-wong kang padha nganiaya dicabut nyawane dening siksa jeritan kang banget serone, wong-wong mau banjur padha mati kaku sidheku ana ing omah-omahe.

٦٧- وَاَخَذَ الَّذِيْنَ ظَلَمُوا الصَّيْحَةُ فَاَصْبَحُوْا فِيْ دِيَارِهِمْ جٰثِمِيْنَ ۝

Wa akhadzal ladziina zhalamush shaihatu fa-ashbahuu fii diyaarihim jaatsimiin.

68. Jalaran saking bangeting siksa, nganti kaya-kaya dheweke iku ora manggon ana ing perdesane. Elingna! Satemene kaum Tsamud iku kafir marang PangeraNe. Elingna maneh! Adoh saka rahmate Allah tumrap kaum Tsamud!".

٦٨- كَاَنْ لَّمْ يَغْنَوْا فِيْهَا ۗ اَلَآ اِنَّ ثَمُوْدَا كَفَرُوْا رَبَّهُمْ ۗ اَلَا بُعْدًا لِّثَمُوْدَ ۝

Ka-allam yaghnau fiihaa, alaa inna tsamuudaa kafaruu rabbahum, alaa bu'dal litsamuud.

69. Lan yekti para UtusanIngsun wus rawuh marang Ibrahim kalawan ngampil pawarta bungah. Utusan mau ngandika: "Kawilujengan mugi tetep dhumateng panjenengan!". Ibrahim mangsuli: "Kawilujengan mugi tetep ing panjenengan sadaya". Sawuse mangkono ora antara suwe Ibrahim nuli nyuguh dhayoh mau kalawan sate panggang daging sapi.

٦٩- وَلَقَدْ جَآءَتْ رُسُلُنَآ اِبْرٰهِيْمَ بِالْبُشْرٰى قَالُوْا سَلٰمًا ۗ قَالَ سَلٰمٌ فَمَا لَبِثَ اَنْ جَآءَ بِعِجْلٍ حَنِيْذٍ ۝

Walaqad jaa-at rusulunaa ibraahiima bil busyraa qaaluu salaamaa, qaala salaamun famaa labitsa an jaa-a bi'ijlin haniidz.

70. Bareng Ibrahim sumurup yen para dhayohe ora karsa dhahar suguhan, dheweke eram marang dhayoh-dhayoh mau, sarta atine krasa wedi. Dhayoh-dhayoh mau nuli ngandika: "Sampun ajrih jengandika, saleresipun kita punika Malaikat ingkang kautus dhateng kaum Luth".

٧٠- فَلَمَّا رَآ اَيْدِيَهُمْ لَا تَصِلُ اِلَيْهِ نَكِرَهُمْ وَاَوْجَسَ مِنْهُمْ خِيْفَةً ۗ قَالُوْا لَا تَخَفْ اِنَّآ اُرْسِلْنَآ اِلٰى قَوْمِ لُوْطٍ ۝

Falammaa ra-aa aidiyahum laa tashilu ilaihi nakirahum wa aujasa minhum khiifah, qaaluu laa takhaf innaa ursilnaa ilaa qaumi luuth.

71. Lan bojone Nabi Ibrahim ngadeg ngladeni para dhayoh mau, dheweke nuli angguyu jalaran bungah. Awit Ingsun paring bebungah marang dheweke, yaiku bakal nglairake Ishaq, lan sawuse Ishaq bakal ngahirake maneh Ya'qub.

٧١- وَامْرَأَتُهُ قَآئِمَةٌ فَضَحِكَتْ فَبَشَّرْنَٰهَا بِإِسْحَٰقَ وَمِن وَرَآءِ إِسْحَٰقَ يَعْقُوبَ ۝

Wamra-atuhuu qaa-imatun fadhahikat fabasysyarnaahaa bi-ishaaq, wa miw waraa-i ishaaqa ya'quub.

72. Pangucape: "Adhuh kojur awakku, apa aku bakal nglahirake anak, ing mangka aku wus semene tuwane sarta bojoku uga wus samono tuwane? Satemene iki perkara sing anggawokake.

٧٢- قَالَتْ يَٰوَيْلَتَىٰٓ ءَأَلِدُ وَأَنَا۠ عَجُوزٌ وَهَٰذَا بَعْلِى شَيْخًا ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَىْءٌ عَجِيبٌ ۝

Qaalat yaa wailataa a-alidu wa ana 'a-juuzuw wa haadzaa ba'lii syaikhaa, inna haadzaa lasyai-un 'ajiib.

73. Para Utusan mau padha ngandika marang simahe Ibrahin: "Punapa panjenengan gumun dhateng dhawuhing Allah? Rahmating Allah sarta Berkahipun tetep dhateng panjenengan sadaya kulawarga Ibrahim! Sayektosipun Allah punika ingkang Maha Pinuji sarta Maha Mulya".

٧٣- قَالُوٓا۟ أَتَعْجَبِينَ مِنْ أَمْرِ ٱللَّهِ ۖ رَحْمَتُ ٱللَّهِ وَبَرَكَٰتُهُۥ عَلَيْكُمْ أَهْلَ ٱلْبَيْتِ ۚ إِنَّهُۥ حَمِيدٌ مَّجِيدٌ ۝

Qaaluu ata'jabiina min amrillaahi rahmatullaahi wa barakaatuhuu 'alaikum ahlal baiit, innahuu hamiidum majiid.

74. Bareng Ibrahim wus ilang wedine sarta wus krungu pawarta kang ambungahake, dheweke nuli soal-jawab kalayan Malaikat-Ingsun ing perkara anggone arep nyiksa kaum Luth.

٧٤- فَلَمَّا ذَهَبَ عَنْ إِبْرَٰهِيمَ ٱلرَّوْعُ وَجَآءَتْهُ ٱلْبُشْرَىٰ يُجَٰدِلُنَا فِى قَوْمِ لُوطٍ ۝

Falammaa dzahaba 'an ibraahiimar rau'u wa jaa-at-hul busyraa yujaadilunaa fii qaumi luuth.

75. Jalaran satemene Ibrahim iku wong kang banget sabare, tur kang akeh tobate, sarta kenceng banget madhepe ibadah marang Allah.

٧٥- إِنَّ إِبْرَٰهِيمَ لَحَلِيمٌ أَوَّٰهٌ مُّنِيبٌ ۝

Inna ibraahiima lahaliimun awwaahum muniib.

76. He Ibrahim! Tinggalen bae perkara iki, jalaran satemene Pangeranira wus mutusake nyiksa marang dheweke, lan satemene dheweke iku bakal katekan siksa kang ora bisa katulak.

٧٦- يَٰٓإِبْرَٰهِيمُ أَعْرِضْ عَنْ هَٰذَآ ۖ إِنَّهُۥ قَدْ جَآءَ أَمْرُ رَبِّكَ ۖ وَإِنَّهُمْ ءَاتِيهِمْ عَذَابٌ غَيْرُ مَرْدُودٍ ۝

Yaa ibraahiimu a'ridh 'an haadzaa, innahuu qad jaa-a amru rabbik, wa innahum aatiihim 'adzaabun ghairu marduud.

77. Bareng para Malaikat UtusanIngsun wus rawuh marang Luth, dheweke sanalika susah jalaran karawuhan Utusan mau, lan ala bae panyanane marang kaume, sarta atine sumpeg marga karawuhan para Utusan mau, lan Luth ngandika: "Dina iki banget rumite (sarwa gawat!)".

٧٧. وَلَمَّا جَآءَتْ رُسُلُنَا لُوطًا سِيٓءَ بِهِمْ وَضَاقَ بِهِمْ ذَرْعًا وَقَالَ هَٰذَا يَوْمٌ عَصِيبٌ ۝

Walammaa jaa-at rusulunaa luuthan sii-a bihim wa dhaaqa bihim dzar'aw wa qaala haadzaa yaumun 'ashiib.

78. Kocapa kaume inggal-inggal nekani marang Nabi Luth, lan wiwit sadurunge karawuhan para Utusan mau, dheweke wus padha kulina sok tumindak ala (dosa),[515] Luth ngandika: "He kaumku! Iku hlo anak-anakku wadon, dheweke iku kang luwih suci tumrap sira, sira padha wedia marang Allah, lan poma dipoma sira aja gawe isinku ana ing sangarepe dhayoh-dhayohku, apa ing antaranira ora ana ta wong lanang kang wegig bisa nuduhake marang dalan kang bener?".

٧٨. وَجَآءَهُۥ قَوْمُهُۥ يُهْرَعُونَ إِلَيْهِ وَمِن قَبْلُ كَانُوا يَعْمَلُونَ ٱلسَّيِّـَٔاتِ ۚ قَالَ يَٰقَوْمِ هَٰٓؤُلَآءِ بَنَاتِى هُنَّ أَطْهَرُ لَكُمْ ۖ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَلَا تُخْزُونِ فِى ضَيْفِىٓ ۖ أَلَيْسَ مِنكُمْ رَجُلٌ رَّشِيدٌ ۝

Wa jaa-ahuu qaumuhuu yuhra'uuna ilaih, wamin qablu kaanuu ya'lamuunas sayyi-aat, qaala yaaqaumi haa-ulaa-i banaatii hunna ath-haru lakum fattaqullaaha walaa tukhzuuni fii dhaifii, alaisa minkum rajulur rasyiid.

79. Kaum-kaume matur: "Saleresipun panjenengan harak sampun mangertos ta, manawi kita boten kepingin kasmaran dhateng putra putri panjenengan,[516] lan saestunipun panjenengan mangertos dhateng ingkang kita kajengaken".

٧٩. قَالُوا۟ لَقَدْ عَلِمْتَ مَا لَنَا فِى بَنَاتِكَ مِنْ حَقٍّ ۖ وَإِنَّكَ لَتَعْلَمُ مَا نُرِيدُ ۝

Qaaluu laqad 'alimta maa lanaa fii banaatika min haqq, wa-innaka lata'lamu maa nuriid.

80. Luth ngandika: "Saupama aku iki rosa duwe kekuwatan, utawa bisa ngungsi marang kanca kang gagah prakosa, mesthi yekti sira kabeh dak pateni".

٨٠. قَالَ لَوْ أَنَّ لِى بِكُمْ قُوَّةً أَوْ ءَاوِىٓ إِلَىٰ رُكْنٍ شَدِيدٍ ۝

Qaala lau anna lii bikum quwwatan au aawii ilaa ruknin syadiid.

81. Para Utusan padha matur: "Luth! Saleresipun kula punika Malaikat para Utusaning Pangeran panjenengan, maksudipun tetiyang punika badhe ngrisak panjenengan, nanging boten pisan-pisan saged dumugi. Pramila mugi enggala tindak kaliyan ahli panjenengan wonten ing dalu punika ugi, tuwin sampun ngantos salah satunggal saking panjenengan wonten ingkang mengo dhateng

٨١. قَالُوا۟ يَٰلُوطُ إِنَّا رُسُلُ رَبِّكَ لَن يَصِلُوٓا۟ إِلَيْكَ ۖ فَأَسْرِ بِأَهْلِكَ بِقِطْعٍ مِّنَ ٱلَّيْلِ وَلَا يَلْتَفِتْ مِنكُمْ أَحَدٌ إِلَّا ٱمْرَأَتَكَ ۖ إِنَّهُۥ مُصِيبُهَا مَآ أَصَابَهُمْ ۚ إِنَّ مَوْعِدَهُمُ ٱلصُّبْحُ ۚ أَلَيْسَ ٱلصُّبْحُ بِقَرِيبٍ ۝

515). Inggih punika lampah dosa liwath (homosexual).

516). Maksudipun tiyang jaler ingkang boten gadhah syahwat dhateng wanita.

wingking, ngemungna garwa panjenengan; awit yektos piyambakipun badhe katut kapatrapan siksa ingkang kadhawahaken dhateng tetiyang wau. Sayektosipun katamtuaning tetiyang wau badhe dipun risak wonten ing wekdal Subuh enjing punika; punapa boten ta, bilih Subuh punika sampun celak?"

Qaaluu yaa luuthu innaa rusulu rabbika lan yashiluu ilaika fa-asri bi-ahlika biqith'im minallaili walaa yaltafit minkum ahadun illamra-atak, innahuu mushiibuhaa maa ashaabahum, inna mau'idahumush shubh, alaisash shubhu biqariib.

82. Bareng siksanIngsun wus tumiba, Ingsun nuli andadekake Bumi Negarane kawalik, kang ndhuwur dadi ngisor, sarta Ingsun nuli ngudani watu panas kang binakar, kang ora ana enteke".

٨٢- فَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا جَعَلْنَا عَٰلِيَهَا سَافِلَهَا وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهَا حِجَارَةً مِّن سِجِّيلٍ مَّنضُودٍ ۝

Falammaa jaa-a amrunaa ja'alnaa 'aaliyahaa saafilahaa wa amtharnaa 'alaihaa hijaaratam min sijjiilim mandhuud.

83. Watu-watu mau ditengeri tandha saka ngarsane Pangeranira Muhammad, sarta Bumi Negarane mau ora adoh saka papan dununge wong-wong kang padha nganiaya. 517)

٨٣- مُّسَوَّمَةً عِندَ رَبِّكَ ۖ وَمَا هِيَ مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ بِبَعِيدٍ ۝

Musawwamatan 'inda rabbik, wamaa hiya minazh zhaalimiina biba'iid.

Caritane Nabi Syu'aib a.s.

84. Lan Ingsun wus ngutus sadulure, yaiku Nabi Syu'aib marang penduduk Mad-yan, pangandikane: "He kaumku! Sira padha nyembaha marang Allah, jalaran sira ora duwe Pangeran kajaba mung PanjenengaNe, lan sira aja sok ngurangi takeran lan nyuda timbangan, satemene aku sumurup sira padha tansah ana ing kasenengan, lan satemene aku nguwatirake marang sira yen nganti kapatrapan siksa ana ing dina wektune numpes ing sira kabeh".

٨٤- وَإِلَىٰ مَدْيَنَ أَخَاهُمْ شُعَيْبًا ۚ قَالَ يَٰقَوْمِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥ ۖ وَلَا تَنقُصُوا۟ ٱلْمِكْيَالَ وَٱلْمِيزَانَ إِنِّىٓ أَرَىٰكُم بِخَيْرٍ وَإِنِّىٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ مُّحِيطٍ ۝

Wa ilaa madyana akhaahum syu'aibaa, qaala yaa qaumi'budullaaha maa lakum min ilaahin ghairuh, walaa tanqushul mikyaala wal miizaana innii araakum bikhairiw wa innii akhaafu 'alaikum 'adzaaba yaumim muhiith.

85. Lan Syu'aib ngandika maneh: "He kaumku, sira nyampurnakna takeran lan netepana timbangan kalawan adil, lan sira aja sok gawe rugine barang darbeke wong liya, sarta sira aja ngrusak tatanan ana ing Bumi".

٨٥- وَيَٰقَوْمِ أَوْفُوا۟ ٱلْمِكْيَالَ وَٱلْمِيزَانَ بِٱلْقِسْطِ ۖ وَلَا تَبْخَسُوا۟ ٱلنَّاسَ أَشْيَآءَهُمْ وَلَا تَعْثَوْا۟ فِى ٱلْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ۝

517). Saweneh ahli tafsir anerangaken, bilih negarinipun kaum Luth punika boten tebih kaliyan negari Mekkah. Dhusunipun nama Sadum.

Wa yaa qaumi auful mikyaala wal miizaana bilqishthi walaa tabkhasun naasa asy-yaa-ahum walaa ta'tsau fil ardhi mufsidiin.

86. Turahan kauntungan (dagangan) saka ngarsaning Allah, iku luwih becik tumrap sira kabeh tinimbang karo barang krenahan, manawa sira padha iman. Lan aku iki dudu wong kang anjaga pokalira kabeh".

٨٦- بَقِيَّتُ اللّٰهِ خَيْرٌ لَّكُمْ اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ۚ وَمَآ اَنَا عَلَيْكُمْ بِحَفِيْظٍ ۝

Baqiyyatullaahi khairul lakum in kuntum mu'miniin, wamaa ana 'alaikum bihafiizh.

87. Kaume Syu'aib matur: "Dhuh Nabi Syu'aib, punapa Shalat panjenengan punika ingkang andhawuhaken dhumateng panjenengan, supados kita nilar Pepundhen ingkang dipun sembah dening Bapa-bapa kita? Utawi ngawisi kita nglampahaken bandha sakajeng-kajeng kita? Saestunipun panjenengan punika tiyang ingkang lembah manah tur waskitha!"

٨٧- قَالُوْا يٰشُعَيْبُ اَصَلٰوتُكَ تَاْمُرُكَ اَنْ نَّتْرُكَ مَا يَعْبُدُ اٰبَآؤُنَآ اَوْ اَنْ نَّفْعَلَ فِيْٓ اَمْوَالِنَا مَا نَشٰٓؤُا ۭ اِنَّكَ لَاَنْتَ الْحَلِيْمُ الرَّشِيْدُ ۝

Qaaluu yaa syu'aibu ashalaatuka ta'muruka an natruka maa ya'budu aabaaunaa au an naf'ala fii amwaalinaa maa nasyaa' uu, innaka la-antal haliimur rasyiid.

88. Nabi Syu'aib mangsuli: "He kaumku, kapriye pamawasira manawa aku kaparingan pituduh kang cetha saka Pangeranku, lan PanjenengaNe wus paring rezeki kang becik, (apa pantes upama aku ora dhawuh marang sira supaya ninggal nyembah brahala)? Sarta aku ora duwe karep sumadya nglakoni kang wus dak cegahake marang sira, yaiku nyuda takeran lan ngelong timbangan; ora liya kekarepanku, kajaba agawe tata raharja sabisa-bisaku. Lan ora ana pitulungan, kajaba saka ngarsaning Allah, aku sumarah mung marang PanjenengaNe, sarta aku sowan ngadhep, uga mung marang PanjenengaNe".

٨٨- قَالَ يٰقَوْمِ اَرَءَيْتُمْ اِنْ كُنْتُ عَلٰي بَيِّنَةٍ مِّنْ رَّبِّيْ وَرَزَقَنِيْ مِنْهُ رِزْقًا حَسَنًا ۭ وَمَآ اُرِيْدُ اَنْ اُخَالِفَكُمْ اِلٰي مَآ اَنْهٰىكُمْ عَنْهُ ۭ اِنْ اُرِيْدُ اِلَّا الْاِصْلَاحَ مَا اسْتَطَعْتُ ۭ وَمَا تَوْفِيْقِيْٓ اِلَّا بِاللّٰهِ ۭ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَاِلَيْهِ اُنِيْبُ ۝

Qaala yaa qaumi ara-aitum in kuntu 'alaa bayyinatim mir rabbii wa razaqanii minhu rizqan hasanaa, wamaa uriidu an ukhaalifakum ilaa maa anhaakum 'anh, in uriidu illal ishlaaha mastatha'tu, wamaa taufiiqii illaa billaah, 'alaihi tawakkaltu wa ilaihi uniib.

89. Lan Syu'aib ngandika maneh: "He kaumku, napsu lan pepadonira marang aku, iku aja anjalari sira banjur ora gelem iman, (lan ora gelem nyampurnakake tetepe takeran lan timbangan), sabab mengko mundhak sira kapatrapan siksa kaya kang kapatrapake marang kaume Nuh, utawa kaume

٨٩- وَيٰقَوْمِ لَا يَجْرِمَنَّكُمْ شِقَاقِيْٓ اَنْ يُّصِيْبَكُمْ مِّثْلُ مَآ اَصَابَ قَوْمَ نُوْحٍ اَوْ قَوْمَ هُوْدٍ اَوْ قَوْمَ صٰلِحٍ ۭ وَمَا قَوْمُ لُوْطٍ مِّنْكُمْ بِبَعِيْدٍ ۝

Hud, utawa kaume Shaleh, lan desane kaum Luth, iku hiya ora adoh bedane kaya sira".

Wa yaa qaumi laa yajri mannakum syiqaaqii ay yushiibakum mitslu maa ashaaba qauma nuuhin au qauma huudin au qauma shaalih, wamaa qaumu luuthim minkum biba'iid.

90. "Lan sira nyuwuna pangapura marang Pangeranira, banjur tobata marang PanjenengaNe; satemene Pangeranku iku Maha Welas tur Maha Asih marang kawulaNe".

٩٠. وَاسْتَغْفِرُوا رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوبُوا إِلَيْهِ إِنَّ رَبِّي رَحِيمٌ وَدُودٌ ۝

Wastaghfiruu rabbakum tsumma tuubuu ilaih, inna rabbii rahiimuw waduud.

91. Wong-wong mau padha matur maneh: "Dhuh Syu'aib, kita boten mangertos saestu, ingkang Panjenengan ngandikakaken punika, lan sasumerep kita yektos yen panjenengan punika katingal apes wonten ing ngajeng kita. Lan saupami boten wonten kulawarga panjenengan punika, tamtu panjenengan kita rajam, sarta panjenengan boten saged ngawonaken kita".

٩١. قَالُوا يَا شُعَيْبُ مَا نَفْقَهُ كَثِيرًا مِمَّا تَقُولُ وَإِنَّا لَنَرَاكَ فِينَا ضَعِيفًا ۖ وَلَوْلَا رَهْطُكَ لَرَجَمْنَاكَ ۖ وَمَا أَنْتَ عَلَيْنَا بِعَزِيزٍ ۝

Qaaluu yaa syu'aibu maa nafqahuu katsiiram mimmaa taquulu wa innaa lanaraaka fiinaa dha'iifaa, walau laa rahthuka larajamnaaka wamaa anta 'alainaa bi'aziiz.

92. Jawabe Syu'aib: "He kaumku, apa pangrasanira kawulawargaku iki luwih mulya tinimbang Allah? Sira nuli ambuwang dhawuhing Allah ing saburinira? Satemene Pangeranku iku kang Nglimputi kabeh kang padha sira lakoni".

٩٢ قَالَ يَا قَوْمِ أَرَهْطِي أَعَزُّ عَلَيْكُمْ مِنَ اللَّهِ ۖ وَاتَّخَذْتُمُوهُ وَرَاءَكُمْ ظِهْرِيًّا ۖ إِنَّ رَبِّي بِمَا تَعْمَلُونَ مُحِيطٌ ۝

Qaala yaa qaumi arahthlii a'azzu 'alaikum minallaah, wattakhadz tumuuhu waraa-akum zhihriyyaa, inna rabbii bimaa ta'maluuna muhiith.

93. Lan Syu'aib ngandika maneh: "He kaumku, mara tumindaka miturut wewenang anggonira arep ngrusak aku, satemene aku uga tumindak, yekti sira bakal sumurup, sapa kang kapatrapan siksa kang ina, lan sapa kang katara gorohe. Lan ngentenana, sanyata aku uga ngenteni bebarengan kalawan sira".

٩٣. وَيَا قَوْمِ اعْمَلُوا عَلَىٰ مَكَانَتِكُمْ إِنِّي عَامِلٌ ۖ سَوْفَ تَعْلَمُونَ مَنْ يَأْتِيهِ عَذَابٌ يُخْزِيهِ وَمَنْ هُوَ كَاذِبٌ ۖ وَارْتَقِبُوا إِنِّي مَعَكُمْ رَقِيبٌ ۝

Wa yaa qaumi'maluu 'alaa makaanatikum innii 'aamil, saufa ta'lamuuna may ya'tiihi 'adzaabuy yukhziihi waman huwa kaadzib, wartaqibuu innii ma'akum raqiib.

94. Sawuse siksanIngsun teka, Ingsun banjur nylametake Syu'aib lan para wong Mukmin kang bebarengan kalawan dheweke, kalawan Rahmat saka ngarsanIngsun, lan Ingsun ngrusak wong-wong kang nganiaya kalawan jeritan kang sora, mangka wong-wong mau nuli padha kaku mati sidheku ana ing omah-omahe".

٩٤. وَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا نَجَّيْنَا شُعَيْبًا وَّالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَعَهٗ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَاَخَذَتِ الَّذِيْنَ ظَلَمُوا الصَّيْحَةُ فَاَصْبَحُوْا فِيْ دِيَارِهِمْ جٰثِمِيْنَ ۙ

Walammaa jaa-a amrunaa najjainaa syu'aibaw walladziina aamanuu ma'ahuu birahmatim minnaa wa-akhadzatil ladzii-na zhalamush shaihatu fa-ashbahuu fii diyaarihim jaatsimiin.

95. Jalaran bangeting siksa, nganti kaya-kaya dheweke durung tau padha manggon ana ing perdesane. Elingna! Adohe kaum Mad-yan saka Rahmating Allah iku kaya adohe kaume Tsamud.

٩٥. كَاَنْ لَّمْ يَغْنَوْا فِيْهَا ؕ اَلَا بُعْدًا لِّمَدْيَنَ كَمَا بَعِدَتْ ثَمُوْدُ ۝

Ka-allam yaghnau fiihaa, alaa bu'dal limadyana kamaa ba'idat tsamuud.

96. Lan satemene Ingsun wus ngutus Musa, ngampil ayat-ayatIngsun, lan ngampil kojah kang pratela.

٩٦. وَلَقَدْ اَرْسَلْنَا مُوْسٰى بِاٰيٰتِنَا وَسُلْطٰنٍ مُّبِيْنٍ ۙ

Walaqad arsalnaa muusaa bi-aayaatinaa wa sulthaanim mubiin.

97. Marang Fir'aun lan para panggedhene, wong-wong mau nuli manut printahe Fir'aun, iku dudu printah kang bener.

٩٧. اِلٰى فِرْعَوْنَ وَمَلَا۟ئِهٖ فَاتَّبَعُوْۤا اَمْرَ فِرْعَوْنَ ۚ وَمَاۤ اَمْرُ فِرْعَوْنَ بِرَشِيْدٍ ۝

Ilaa fir'auna wamala-ihii fattaba'uu amra fir'aun, wamaa amru fir'auna birasyiid.

98. Dheweke Fir'aun ana ing dina Qiyamat bakal maju nuntun kaume, nuli kaume dilebokake ing Naraka, lan ala-alane panggonan mlebu kang dileboni dening Fir'aun lan kaume.

٩٨. يَقْدُمُ قَوْمَهٗ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فَاَوْرَدَهُمُ النَّارَ ؕ وَبِئْسَ الْوِرْدُ الْمَوْرُوْدُ ؕ

Yaqdumu qaumahuu yaumal qiyaamati fa-auradahumun naar, bi'sal wirdul mauruud.

99. Lan dheweke padha diiringake dening laknat ana ing Donya, lan ana ing dina Qiyamat, ala-alane pitulungan iku pitulungane wong-wong mau.

٩٩. وَاُتْبِعُوْا فِيْ هٰذِهٖ لَعْنَةً وَّيَوْمَ الْقِيٰمَةِ ؕ بِئْسَ الرِّفْدُ الْمَرْفُوْدُ ۝

Wa utbi'uu fii haadzihii la'nataw wa yaumal qiyaamah, bi'sar rifdul marduud.

Tepa tuladha saka sejarah para andika Nabi.

100. Kang wus kacaritakake iku sabageyan saka crita-critane Negara, kang wus Ingsun critakake marang sira Muhammad. Sawenehe Negara-negara mau isih ana kang ketemu petilasane, lan sawenehe ana kang musna!".

١٠٠. ذٰلِكَ مِنْ اَنْۢبَآءِ الْقُرٰى نَقُصُّهٗ عَلَيْكَ مِنْهَا قَآئِمٌ وَّحَصِيْدٌ ۝

Dzaalika min ambaa-il quraa naqushshuhuu 'alaika minhaa qaa-imuw wa hashiid.

101. Lan Ingsun ora nganiaya wong-wong mau ananging dheweke kang wus nganiaya awake dhewe. Sawuse siksane Pangeranira tumiba marang dheweke, sesembahan kang padha disembah saliyane Allah ora pisan-pisan bisa nulungi ing dheweke, dadi anggone nyembah brahala iku ora ana paedahe, kajaba nambah karusakan bahe.

١٠١. وَمَا ظَلَمْنٰهُمْ وَلٰكِنْ ظَلَمُوْٓا اَنْفُسَهُمْ فَمَآ اَغْنَتْ عَنْهُمْ اٰلِهَتُهُمُ الَّتِيْ يَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مِنْ شَيْءٍ لَّمَّا جَآءَ اَمْرُ رَبِّكَ ۭ وَمَا زَادُوْهُمْ غَيْرَ تَتْبِيْبٍ ۝

Wamaa zhalamnaahum walaakin zhalamuu anfusahum famaa aghnat 'anhum aalihatuhumul latii yad'uuna min duunil laahi min sya-ii', lammaa jaa-a amru rabbika wamaa zaaduuhum ghaira tatbiib.

102. Kaya mangkono siksaning Pangeranira Muhammad, manawa PanjenengaNe nyiksa warga-warga Negara kang padha nganiaya. Satemene siksane Allah iku nglarani banget.

١٠٢. وَكَذٰلِكَ اَخْذُ رَبِّكَ اِذَآ اَخَذَ الْقُرٰى وَهِيَ ظَالِمَةٌ ۭ اِنَّ اَخْذَهٗٓ اَلِيْمٌ شَدِيْدٌ ۝

Wa kadzaalika akhdzu rabbika idzaa akhadzal quraa wahiya zhaalimah, inna akhdzahuu aliimun syadiid.

103. Satemene kang mangkono mau, temen dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang wedi siksaning Akherat. Dina Qiyamat iku, kang dikumpulake kabeh manungsa karana anane dina iku, lan dina mau disekseni.

١٠٣. اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّمَنْ خَافَ عَذَابَ الْاٰخِرَةِ ۭ ذٰلِكَ يَوْمٌ مَّجْمُوْعٌ ۙ لَّهُ النَّاسُ وَذٰلِكَ يَوْمٌ مَّشْهُوْدٌ ۝

Inna fii dzaalika la-aayatal liman khaafa 'adzaabal aakhirah, dzaalika yaumum majmuu'ul lahunnaasu wa dzaalika yaumum masyhuud.

104. Lan Ingsun ora ngakhirake dina Qiyamat, kajaba ana ing waktu kang wus katamtokake.[518]

١٠٤. وَمَا نُؤَخِّرُهٗٓ اِلَّا لِاَجَلٍ مَّعْدُوْدٍ ۝

Wamaa nu-akhkhiruhuu illaa li-ajalim ma'duud.

518). Makaten ugi tumrap satunggal-satunggaling tiyang, ajal (pejahipun) boten saged dipun undur-aken, lan boten saged dipun ajengaken, kajawi sampun katamtokaken wekdal lan panggenan-ipun. Pramila wonten ing kawontenan kados punapa kemawon supados tansah enget ing Allah SWT, wonten panggenan ingkang dikados punapa kedah enget lan waspada.

105. Lan ana ing tekane dina mau, ora ana sawijining badan kang bisa ngucap, kajaba kalawan idzining Allah, mangka sawenehe wong-wong mau ana kang cilaka, lan sawenehe maneh ana kang begja.

١٠٥ - يَوْمَ يَأْتِ لَا تَكَلَّمُ نَفْسٌ إِلَّا بِإِذْنِهِۦ ۚ فَمِنْهُمْ شَقِىٌّ وَسَعِيدٌ ۝

Yauma ya'ti laa takallamu nafsun illaa bi-idznih, faminhum syaqiyyuw wa sa'iid.

106. Dene wong-wong kang cilaka ana ing Naraka, sarta wong-wong mau ana ing kono padha jejeritan pating galero.

١٠٦ - فَأَمَّا ٱلَّذِينَ شَقُوا۟ فَفِى ٱلنَّارِ لَهُمْ فِيهَا زَفِيرٌ وَشَهِيقٌ ۝

Fa-ammalladziina syaquu fafinnaari lahum fiihaa zafiiruw wa syahiiq.

107. Dheweke ana ing Naraka kono langgeng, bareng kalawan langgenge Langit-langit lan Bumi, kajaba kang dikarsakake dening Pangeranira Muhammad. Satemene Pangeranira iku tumindak miturut sakarsaNe.

١٠٧ - خَٰلِدِينَ فِيهَا مَا دَامَتِ ٱلسَّمَٰوَٰتُ وَٱلْأَرْضُ إِلَّا مَا شَآءَ رَبُّكَ ۖ إِنَّ رَبَّكَ فَعَّالٌ لِّمَا يُرِيدُ ۝

Khaalidiina fiihaa maa daamatis samaawaati wal ardhu illaa maa syaa-a rabbuk, inna rabbaka fa''aalul limaa yuriid.

108. Dene wong-wong kang padha begja, mangka manggon ing Suwarga, ana ing kono padha langgeng, bareng kalawan langgenge Langit-langit lan Bumi, kajaba kang dadi kaparenging karsane Pangeranira, dheweke padha diganjar kalawan ganjaran kang ora ana enteke.

١٠٨ - وَأَمَّا ٱلَّذِينَ سُعِدُوا۟ فَفِى ٱلْجَنَّةِ خَٰلِدِينَ فِيهَا مَا دَامَتِ ٱلسَّمَٰوَٰتُ وَٱلْأَرْضُ إِلَّا مَا شَآءَ رَبُّكَ عَطَآءً غَيْرَ مَجْذُوذٍ ۝

Wa-ammal ladziina su'iduu fafil jannati khaalidiina fiihaa maa daamatis samaawaati wal ardhu illaa maa syaa-a rabbuk, 'athaa-an ghaira majdzuudz.

109. Poma dipoma sira Muhammad aja ana ing kamamangan tumrap brahala - brahala kang padha disembah.[519] Dheweke ora padha nyembah kajaba kaya Bapak-bapakne biyen anggone wus padha nyembah. Lan satemene Ingsun mesthi nuhoni apa kang dadi bageyane wong-wong mau saka siksa tanpa dikurangi.

١٠٩ - فَلَا تَكُ فِى مِرْيَةٍ مِّمَّا يَعْبُدُ هَٰٓؤُلَآءِ ۚ مَا يَعْبُدُونَ إِلَّا كَمَا يَعْبُدُ ءَابَآؤُهُم مِّن قَبْلُ ۚ وَإِنَّا لَمُوَفُّوهُمْ نَصِيبَهُمْ غَيْرَ مَنقُوصٍ ۝

Falaa taku fii miryatim mimmaa ya'budu haa-ulaa', maa ya'buduuna illaa kamaa ya'budu aabaa-uhum min qabl, wa innaa lamuwaffuuhum nashiibahum ghaira manquush.

519). Tegesipun sampun mamang malih bilih manembah brahala-brahala punika tumindak sasar lan awon sanget kawusananipun.

110. Lan temen Ingsun wus paring Kitab Taurat marang Musa, nuli padha dipasulayak-ake isine.[520] Lan saupama ora wus luwih dhisik ana putusan saka Pangeranira karsa ngakhirake siksa, yekti wong-wong mau wus diputusi. Lah satemene wong-wong mau yekti ana ing kamamangan tumrap ananing Quraan, kalawan nyata kamamangane.

١١٠- وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ فَاخْتُلِفَ فِيْهِ ۗ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِنْ رَّبِّكَ لَقُضِيَ بَيْنَهُمْ ۗ وَاِنَّهُمْ لَفِيْ شَكٍّ مِّنْهُ مُرِيْبٍ ۝

Walaqad aatainaa muusal kitaaba fakhtulifa fiih, walau laa kalimatun sabaqat mir rabbika laqudhiya bainahum, wa innahum lafii syakkim minhu muriib.

111. Lan satemene kabeh saka golongan loro, kang iman lan kang maido, yekti Ingsun bakal nuhoni minangka piwalese kabeh 'amale; sanyata Allah iku Maha Waspada marang kabeh kang padha ditindakake.

١١١- وَاِنَّ كُلًّا لَّمَّا لَيُوَفِّيَنَّهُمْ رَبُّكَ اَعْمَالَهُمْ ۗ اِنَّهٗ بِمَا يَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ۝

Wa-in kullal lammaa layuwaffiyannahum rabbuka a'maalahum, innahuu bimaa ya'maluuna khabiir.

112. Dadi sira Muhammad supaya tetepa miturut kapriye kang wus didhawuhake marang sira, mangkono uga wong kang tobat bebarengan kalawan sira. Lan sira aja ngliwati wangenan, satemene Allah iku Maha Priksa ing kabeh kang padha sira tindakake.

١١٢- فَاسْتَقِمْ كَمَآ اُمِرْتَ وَمَنْ تَابَ مَعَكَ وَلَا تَطْغَوْا ۗ اِنَّهٗ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

Fastaqim kamaa umirta waman taaba ma'aka walaa tathghau innahuu bimaa ta'maluuna bashiir.

113. Lan sira kabeh aja nyondhongi[521] marang wong-wong kang nganiaya, sabab sira mengko mundhak kena akibat siksa Naraka, sarta sira kabeh ora ana kang bisa tetulung saliyane Allah, banjur sira kabeh ora bisa kapitulungan.

١١٣- وَلَا تَرْكَنُوْٓا اِلَى الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا فَتَمَسَّكُمُ النَّارُ ۙ وَمَا لَكُمْ مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ مِنْ اَوْلِيَآءَ ثُمَّ لَا تُنْصَرُوْنَ ۝

Walaa tarkanuu ilalladziina zhalamuu fatamassakumun naar, wamaa lakum min duunillaahi min auliyaa-a tsumma laa tunsharuun.

114. Lan sira nglakonana Shalat ana ing pucuk lorone rina (awan) (Subuh, Luhur, 'Asar) lan ana ing sebageyan wengi kang isih cerak karo rina (Maghrib lan 'Isya'). Sanyata kabecikan-kabecikan iku ngilangake laku ala. Quraan iku nyata dadi pitutur tumrap wong-wong kang eling!.

١١٤- وَاَقِمِ الصَّلٰوةَ طَرَفَيِ النَّهَارِ وَزُلَفًا مِّنَ الَّيْلِ ۗ اِنَّ الْحَسَنٰتِ يُذْهِبْنَ السَّيِّاٰتِ ۗ ذٰلِكَ ذِكْرٰى لِلذّٰكِرِيْنَ ۝

520). Ing Zamanipun Nabi Musa a.s. ngampil Kitab Taurat sami dipun paiben dening tetiyang Yahudi, makaten ugi Nabi Muhammad s.a.w. ugi dipun damel kisruh lan dipun goroh-gorohaken dening tetiyang kafir Mekkah; punika ateges panglipur manah menggahing Nabi s.a.w. ngadhepi mengsah-mengsah Da'wah Islam ingkang adhedhasar Quraan dhawuhing Allah SWT.

521). Condhong wonten ngriki maksudipun angguyubi lan ngerestuoni tiyang zhalim, ananging manawi sakadar sesrawungan tiyang zhalim (lugu tetepangan) boten angguyubi lan boten ngrestoni, punika kenging kemawon.

Wa-aqimish shalaata tharafayin nahaari wazulafam minallail, innal hasanaati yudzhibnas sayyi-aat, dzaalika dzikraa lidzdzaakiriin.

115. Lan sira disabar, jalaran satemene Allah iku ora ngilang-ngilangake ganjarane wong-wong kang tumindak becik.

١١٥- وَاصْبِرْ فَإِنَّ اللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ الْمُحْسِنِينَ ۝

Washbir fa-innallaaha laa yudhii'u ajral muhsiniin.

116. Apa ta saka golongane umat-umat sadurungira, umat Muhammad, babar pisan ora ana kang duwe kautaman? Kang padha nyegah nindakake karusakan ana ing Bumi? Kajaba mung sathithik wong-wong kang Ingsun slametake saka golongan umat-umat kang wus kapungkur mau. Lan wong-wong kang nganiaya iku padha nuruti apa kang dadi kasenengane ana ing Donya, lan dheweke padha dosa.

١١٦- فَلَوْلَا كَانَ مِنَ الْقُرُونِ مِنْ قَبْلِكُمْ أُولُوا بَقِيَّةٍ يَنْهَوْنَ عَنِ الْفَسَادِ فِي الْأَرْضِ إِلَّا قَلِيلًا مِمَّنْ أَنْجَيْنَا مِنْهُمْ ۗ وَاتَّبَعَ الَّذِينَ ظَلَمُوا مَا أُتْرِفُوا فِيهِ وَكَانُوا مُجْرِمِينَ ۝

Falau laa kaana minal quruuni min qablikum uuluu baqiyyatiy yanhauna 'anil fasaadi fil ardhi illaa qaliilam mimman anjainaa minhum, wattaba'al ladziina zhalamuu maa utrifuu fiihi wa kaanuu mujrimiin.

117. Lan ora pisan-pisan Pangeranira karsa ngrusak sawijining Negara kalawan nganiaya, kang para warga Negara mau padha tumindak becik.

١١٧- وَمَا كَانَ رَبُّكَ لِيُهْلِكَ الْقُرَىٰ بِظُلْمٍ وَأَهْلُهَا مُصْلِحُونَ ۝

Wamaa kaana rabbuka liyuhlikal quraa bizhulmiw wa ahluhaa mushlihuun.

118. Lan manawa dadi kaparenging karsane Pangeranira, yekti PanjenengaNe andadekake manungsa kabeh umat kang siji, nanging wong-wong iku tambah padha pasulayan.

١١٨- وَلَوْ شَاءَ رَبُّكَ لَجَعَلَ النَّاسَ أُمَّةً وَاحِدَةً وَلَا يَزَالُونَ مُخْتَلِفِينَ ۝

Walau syaa-a rabbuka laja'alan naasa ummataw waahidataw walaa yazaaluuna mukhtalifiin.

119. Kajaba wong-wong kang kaparingan Rahmat dening Pangeranira. Lan jalaran Rahmat mau, dititahake ahli rahmat, sarta jalaran pasulayan iku dititahake ahli pasulayan. Lan wus tetep putusaNe Pangeranira Muhammad yaiku: mesthi Ingsun ngebaki Jahanam kalawan jin lan manungsa sakabehane kang padha duraka.

١١٩- إِلَّا مَنْ رَحِمَ رَبُّكَ ۚ وَلِذَٰلِكَ خَلَقَهُمْ ۗ وَتَمَّتْ كَلِمَةُ رَبِّكَ لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ ۝

Illaa mar rahima rabbuk, walidzaalika khalaqahum, wa tammat kalimatu rabbika la-amla-anna jahannama minal jinnati wannasi ajma'iin.

120. Lan kabeh bae Ingsun caritakake marang sira Muhammad, saka caritane para Utusan, yaiku supaya atinira tetep, lan wus tumeka ing sira ana ing Ayat-ayat iki khabar-khabar kang bener, lan pepeling-pepeling lan pitutur tumrap wong-wong kang padha iman.

١٢٠- وَكُلًّا نَّقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ أَنۢبَآءِ ٱلرُّسُلِ مَا نُثَبِّتُ بِهِۦ فُؤَادَكَ ۚ وَجَآءَكَ فِى هَٰذِهِ ٱلْحَقُّ وَمَوْعِظَةٌ وَذِكْرَىٰ لِلْمُؤْمِنِينَ ۝

Wakullan naqushshu 'alaika min ambaa-irrusuli maa nutsabbitu bihii fu-aadak, wajaa-aka fii haadzihil haqqu wa mau-'izhatuw wa dzikraa lilmu'miniin.

121. Lan dhawuha sira marang wong-wong kang ora padha iman: "Sira padha nindakna miturut apa kang wus sira tindakake, temen Ingsun uga tumindak miturut apa kang wus Ingsun tindakake".

١٢١- وَقُل لِّلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ ٱعْمَلُوا۟ عَلَىٰ مَكَانَتِكُمْ إِنَّا عَٰمِلُونَ ۝

Waqul lilladziina laa yu'minuuna'maluu 'alaa makaanatikum innaa 'aamiluun.

122. "Lan sira ngentenana karusakan sabab tumindakira, temen aku uga angenteni karusakanira".

١٢٢- وَٱنتَظِرُوٓا۟ إِنَّا مُنتَظِرُونَ ۝

Wantazhiruu, innaa muntazhiruun.

123. "Lan kagungaNe Allah kabeh kang ghaib ing Langit lan Bumi, marang PanjenengaNe pribadi dibalekake kabeh perkara. Jalaran saka iku sira padha nyembaha marang PanjenengaNe lan pasraha, lan Pangeranira iku ora pisan-pisan kasupen saka kabeh kang sira tindakake".

١٢٣- وَلِلَّهِ غَيْبُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَإِلَيْهِ يُرْجَعُ ٱلْأَمْرُ كُلُّهُۥ فَٱعْبُدْهُ وَتَوَكَّلْ عَلَيْهِ ۚ وَمَا رَبُّكَ بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ۝

Walillaahi ghaibus samaawaati wal ardhi wa ilaihi turja'ul amru kulluhuu fa'budhu watawakkal 'alaih, wamaa rabbuka bighaafilin 'ammaa ta'maluun.

***)

***). Sawatawis bandhingan anyumerapi antawisipun surat Hud kaliyan surat Yusuf, utawi Comperative Study of Quran, ingkang wigatos kasebat ing ngandhap punika :

1. Kekalihipun sami-sami kawiwitan Aliif Laam Raa lajeng anerangaken Al-Quraan.
2. Bentenipun wonten surat Hud, sejarahipun para Andika Nabi ing nalika Da'wah ngadhepi kaumipun ingkang sami maiben sarta mengsahi sadaya dhawuh-dhawuh Agami. Akibat bebendu sarta siksa dhumateng para kaum ingkang duraka wau dadosa pepenget tiyang musyrik Mekkah ingkang sami kafir lan mengsahi Da'wahipun Kanjeng Nabi Muhammad saw.

Dene ing surat Yusuf ingkang anerangaken wiwitanipun Nabi Yusuf a.s. dipun aniaya dening sadherek-sadherekipun, pungkasanipun dados Priyagung ingkang Kuwaos lan Adil parama arta ing Negeri Mesir, sarta saged mitulungi sadherek-sadherekipun ingkang rumiyin nganiaya, ugi saged ngluhuraken Asmaning Rama-Ibu. **Pribadi Nabi Yusuf a.s.** ingkang makaten punika dadosa tepa tuladha tumrap ummat Nabi Muhammad s.a.w.

YUSUF

Surat kaping 12 : 111 Ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 1, 2, 3 lan 7 tumurun ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Hud

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Caritane Nabi Yusuf a.s.
Nabi Yusuf nyumpena.

١ - الٓرٰ ۚ تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ۝

1. Alif, Laam, Raa. (Hamung Allah pribadi ingkang priksa maksude). Iki ayat-ayat kang diturunake marang sira Muhammad, ayat-ayate Quraan kang pertela.

Alif Laam Raa; tilka aayaatul kitaabil mubiin.

٢ - اِنَّآ اَنْزَلْنٰهُ قُرْءٰنًا عَرَبِيًّا لَّعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۝

2. Satemene Ingsun nurunake Quraan iki kalawan tembung 'Arab, supaya sira kabeh padha mangerti, (apa kang diparentahake lan dicegah tumrap sira!).

Innaa anzalnaahu qur-aanan 'arabiyyal la'allakum ta'qiluun.

٣ - نَحْنُ نَقُصُّ عَلَيْكَ اَحْسَنَ الْقَصَصِ بِمَآ اَوْحَيْنَآ اِلَيْكَ هٰذَا الْقُرْاٰنَ ۖ وَاِنْ كُنْتَ مِنْ قَبْلِهٖ لَمِنَ الْغٰفِلِيْنَ ۝

3. Ingsun caritakake marang sira Muhammad, ing becik-beciking carita kalawan Quraan kang wus Ingsun wahyokake marang sira iki, ing mangka sira sadurunge sumurup Quraan, temen dadi golongane wong-wong kang ora ngerti carita mau.

Nahnu naqushshu 'alaika ahsanal qashashi bimaa auhainaa ilaika haadzal quraan, wa-in kunta min qablihii laminal ghaafiliin.

٤ - اِذْ قَالَ يُوْسُفُ لِاَبِيْهِ يٰٓاَبَتِ اِنِّيْ رَاَيْتُ اَحَدَ عَشَرَ كَوْكَبًا وَّالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ رَاَيْتُهُمْ لِيْ سٰجِدِيْنَ ۝

4. Yaiku, nalika Yusuf matur marang Ramane: 522) "Dhuh Rama! Sayektos kula

522). Ramanipun Yusuf a.s. inggih punika Ya'qub a.s. putranipun Ishak a.s. putranipun Nabi Ibrahim a.s.

sampun supena ningali Lintang sewelas, Surya tuwin Rembulan, kula tingali sadaya wau sami sujud dhateng kula".

Idz qaala yuusufu li-abiihi yaa-abati innii ra-aitu ahada 'asyara kaukabaw wasysyamsa walqamara ra-aituhum lii saajidiin.

٥ - قَالَ يٰبُنَيَّ لَا تَقْصُصْ رُءْيَاكَ عَلٰٓى اِخْوَتِكَ فَيَكِيْدُوْا لَكَ كَيْدًا ۗ اِنَّ الشَّيْطٰنَ لِلْاِنْسَانِ عَدُوٌّ مُّبِيْنٌ ۝

5. Ramane, Nabi Ya'qub mangsuli: "He anakku! Poma dipoma sira aja nyritakake impenira marang sadulur-sadulurira, sabab mengko dheweke padha ngreka daya marang sira, jalaran satemene syetan iku marang manungsa dadi mungsuh kang nyata.

Qaala yaa bunayya laa taqshush ru'yaaka 'alaa ikhwatika fayakiiduu laka kaidaa, innasy syaithaana lil-insaani 'aduwwum mubiin.

٦ - وَكَذٰلِكَ يَجْتَبِيْكَ رَبُّكَ وَيُعَلِّمُكَ مِنْ تَاْوِيْلِ الْاَحَادِيْثِ وَيُتِمُّ نِعْمَتَهٗ عَلَيْكَ وَعَلٰٓى اٰلِ يَعْقُوْبَ كَمَآ اَتَمَّهَا عَلٰٓى اَبَوَيْكَ مِنْ قَبْلُ اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْحٰقَ ۗ اِنَّ رَبَّكَ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۝

6. Lan mangkono uga Pangeranira milih ing sira, kaangkat dadi Nabi, lan Panjenengane paring 'ilmu (pangertian) marang sira ing katerangan impen, sarta PanjenengaNe nyampurnakake ni'mate marang sira lan kulawargane Ya'qub, kaya dene PanjenengaNe wus nyampurnakake ni'mat mau marang Bapakira loro biyen,[523] yaiku Ibrahim lan Ishaq. Satemene Pangeranira iku Maha Nguningani tur Maha Wicaksana".

Wa kadzaalika yajtabiika rabbuka wa yu'allimuka min ta'wiilil ahaadiitsi wa yutimmu ni'matahuu 'alaika wa 'alaa aali ya'quuba kamaa atammahaa 'alaa abawaika min qablu ibraahiima wa is-haaq, inna rabbaka 'aliimun hakiim.

Caritane Nabi Yusuf a.s. lan sadulur-sadulure.

٧ - لَقَدْ كَانَ فِيْ يُوْسُفَ وَاِخْوَتِهٖٓ اٰيٰتٌ لِّلسَّآئِلِيْنَ ۝

7. Satemene ana ing caritane Yusuf, lan para sadulure iku, dadi ayat tandha yekti tumrap wong-wong kang pitakon.

Laqad kaana fii yuusufa wa ikhwatihii aayaatul lissaa-iliin.

٨ - اِذْ قَالُوْا لَيُوْسُفُ وَاَخُوْهُ اَحَبُّ اِلٰٓى اَبِيْنَا مِنَّا وَنَحْنُ عُصْبَةٌ ۗ اِنَّ اَبَانَا لَفِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ۝

8. Satemene wus ngucap sadulur-sadulure Yusuf: "Yekti Yusuf lan sadulure Bunyamin, ditresnani Rama ngluwihi kita, ing mangka kita iki golongan kang kuat. Dadi Rama iku, temen ana ing kakliruan kang nyata".

Idz qaaluu layuusufu wa akhuuhu ahabbu ilaa abiinaa minnaa wa nahnu 'ushbah, inna abaanaa lafii dhalaalim mubiin.

٩ - اقْتُلُوْا يُوْسُفَ اَوِ اطْرَحُوْهُ اَرْضًا يَّخْلُ لَكُمْ وَجْهُ اَبِيْكُمْ وَتَكُوْنُوْا مِنْۢ بَعْدِهٖ قَوْمًا صٰلِحِيْنَ ۝

9. "Patenana bahe Yusuf iku, utawa singkirna marang panggonan kang adoh, temen mengko tresnane Rama mung marang kita, sarta sawuse iku (mateni utawa nyingkirake Yusuf) dadia kaum kang becik!".[524]

523). Ingkang dipun maksud Simbah Buyut lan Simbah.

524). Maksudipun sasampunipun merjaya Yusuf a.s. lajeng toubat dhumateng Allah sarta nindakaken 'amal-'amal shaleh.

Uqtuluu yuusufa awithrahuuhu ardhay yakhlu lakum wajhu abiikum wa takuunuu mim ba'dihii qauman shaalihiin.

10. Pangucape sawijining sadulure Yusuf: "Yusuf aja padha sira pateni, nanging jegurna bahe ing sumur kang jero, ing samengko mesthi bakal ditemu dening sawenehe wong liwat, manawa sira gelem nglakoni mangkono marang Yusuf".

١٠. قَالَ قَآئِلٌ مِّنْهُمْ لَا تَقْتُلُوْا يُوْسُفَ وَاَلْقُوْهُ فِيْ غَيٰبَتِ الْجُبِّ يَلْتَقِطْهُ بَعْضُ السَّيَّارَةِ اِنْ كُنْتُمْ فٰعِلِيْنَ ۝

Qaala qaa-ilum minhum laa taqtuluu yuusufa wa alquuhu fii ghayaabatil jubbi yaltaqith-hu ba'dhus sayyaarati in kuntum faa'iliin.

11. Dheweke banjur padha matur marang Ramane: "Dhuh Rama, kados pundi Rama, boten pitados ing kula perkawis Yusuf? Ing mangka kita sadaya punika saestu badhe damel sakeca!".

١١. قَالُوْا يٰٓاَبَانَا مَا لَكَ لَا تَاْمَنَّا عَلٰى يُوْسُفَ وَاِنَّا لَهٗ لَنٰصِحُوْنَ ۝

Qaaluu yaa abaanaa maa laka laa ta'mannaa 'alaa yuusufa wa innaa lahuu lanaashihuun.

12. "Jalaran saking punika mugi Yusuf (dolan kaliyan kula sadaya) benjing enjing kalilahana, Rama sampun kuwatos, margi piyambakipun estu kula jagi".

١٢. اَرْسِلْهُ مَعَنَا غَدًا يَّرْتَعْ وَيَلْعَبْ وَاِنَّا لَهٗ لَحٰفِظُوْنَ ۝

Arsilhu ma'anaa ghaday yarta' wa yal'ab wa innaa lahuu lahaafizhuun.

13. Ya'qub Ramane ngandika: "Satemene aku susah yen sira lunga kalawan Yusuf yenta nganti dimangsa asu ajag, nalikane sira lagi padha lali marang dheweke".

١٣. قَالَ اِنِّيْ لَيَحْزُنُنِيْٓ اَنْ تَذْهَبُوْا بِهٖ وَاَخَافُ اَنْ يَّاْكُلَهُ الذِّئْبُ وَاَنْتُمْ عَنْهُ غٰفِلُوْنَ ۝

Qaala innii layahzununii an tadzhabuu bihii wa akhaafu ay ya'kulahudz dzi'bu wa antum 'anhu ghaafiliin.

14. Ature para sadulure: "Saupami Yusuf ngantos katedha segawon ajag, ing mangka kita punika kelompok ingkang kiyat, tamtu kemawon manawi kita makaten dados golonganipun tiyang ingkang rugi". 525)

١٤. قَالُوْا لَئِنْ اَكَلَهُ الذِّئْبُ وَنَحْنُ عُصْبَةٌ اِنَّآ اِذًا لَّخٰسِرُوْنَ ۝

Qaaluu la-in akalahudz dzi'bu wa nahnu 'ushbatun innaa idzal lakhaasiruun.

15. Bareng dheweke wus padha budhalan karo Yusuf, lan wus padha mufakat arep anjegurake Yusuf ana ing sumur kang jero banget, nuli padha nindakake paikane. Lan Ingsun paring wahyu marang Yusuf, yaiku:

١٥. فَلَمَّا ذَهَبُوْا بِهٖ وَاَجْمَعُوْٓا اَنْ يَّجْعَلُوْهُ فِيْ غَيٰبَتِ الْجُبِّ وَاَوْحَيْنَآ اِلَيْهِ لَتُنَبِّئَنَّهُمْ بِاَمْرِهِمْ هٰذَا وَهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

525). Maksudipun dados tiyang jirih ingkang boten wonten paedahipun ing gesang bebrayan.

"Temen sira Yusuf sira bakal nyritakake marang dheweke lelakon anggone padha cidra marang sira iki, ing mangka dheweke ora padha anggraita (ora sumurup yen sira Yusuf)".

Falammaa dzahabuu bihii wa ajma'uu ay yaj'aluuhu fii ghayaabatil jubb, wa auhainaa ilaihi latunabbi-annahum bi-amrihim haadzaa wahum laa yasy'uruun.

16. Lan para sadulure padha ngadhep Ramane ana ing wayah 'Isya' atawan tangis.

١٦- وَجَآءُوٓ اَبَاهُمْ عِشَآءً يَّبْكُوْنَ ۝

Wa jaa-uu abaahum 'isyaa-ay yabkuun.

17. Ature: "Dhuh Rama, saestunipun kita sadaya punika nembe badhe bebalapan, dene Yusuf kita tilar supados nengga sandhangan, tumunten kamangsa segawon. Namung Rama tamtu boten pitados dhateng kita sanajan kita temen".

١٧- قَالُوْا يٰٓاَبَانَآ اِنَّا ذَهَبْنَا نَسْتَبِقُ وَتَرَكْنَا يُوْسُفَ عِنْدَ مَتَاعِنَا فَاَكَلَهُ الذِّئْبُ ۚ وَمَآ اَنْتَ بِمُؤْمِنٍ لَّنَا وَلَوْ كُنَّا صٰدِقِيْنَ ۝

Qaaluu yaa abaanaa innaa dzahabnaa nastabiqu wa taraknaa yuusufa 'inda mataa'inaa fa-akalahudz dzi'bu wamaa anta bimu'minil lanaa walau kunnaa shaadiqiin.

18. Lan dheweke padha sowan karo anggawa klambi (gamis) duweke Yusuf kang gupak getih palsu. Ya'qub ngandika: "Satemene nafsu-nafsunira wus memaesi atinira nindakake perkara gedhe. Dadi aku sing kudu sabar, karana sabar iku kang becik; lan Allah kang disuwuni pitulung ing kabeh kang sira caritakake".526)

١٨- وَجَآءُوْ عَلٰى قَمِيْصِهٖ بِدَمٍ كَذِبٍ ۗ قَالَ بَلْ سَوَّلَتْ لَكُمْ اَنْفُسُكُمْ اَمْرًا ۗ فَصَبْرٌ جَمِيْلٌ ۗ وَاللّٰهُ الْمُسْتَعَانُ عَلٰى مَا تَصِفُوْنَ ۝

Wajaa-uu 'alaa qamiishihii bidamin kadzib, qaala bal sawwalat lakum anfusukum amraa, fashabrun jamiil, wallaahul musta'aanu 'alaa maa tashifuun.

19. Lan wus teka wong-wong kang pinuju lelungan. Dheweke nuli kongkonan golek banyu marang tukange banyu, dheweke nuli ngulur timbane marang sumur, dheweke banjur celathu marang kanca-kancane: "E para kanca, begja temenan iki lo, ana bocah!". Lan bocah mau disidhem dening wong-wong mau perlu digawe dagangan, yaiku diakokake bandha titipan supaya diedol. Dene Allah Nguningani ing kabeh kang padha ditindakake".

١٩- وَجَآءَتْ سَيَّارَةٌ فَاَرْسَلُوْا وَارِدَهُمْ فَاَدْلٰى دَلْوَهٗ ۗ قَالَ يٰبُشْرٰى هٰذَا غُلٰمٌ ۗ وَاَسَرُّوْهُ بِضَاعَةً ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ بِمَا يَعْمَلُوْنَ ۝

Wa jaa-at sayyaaratun fa-arsaluu waaridahum fa-adlaa dalwah, qaala yaa busyraa haadzaa ghulaam, wa asarruuhu bidhaa'ah, wallaahu 'aliimum bimaa ya'maluun.

526). Makaten Kanjeng Nabi Ya'qub a.s. asikep mental sabar lan jatmika nampi cobining Allah, inggih asikep mental sabar lan jatmika anggenipun ngupadosi udharing alang-rintangan punika sifat pejuang kekasihing Pangeran ingkang Murbeng-Jagat.

Nabi Yusuf a.s. digodha

20. Lan wong-wong mau nuli ngedol bocah mau, sarta regane dimurahake, (yaiku mung sawatara dirham wae). Dadi wong-wong mau, kang ngedol, banget anggone ngesorake [527] marang Yusuf, dheweke padha ngedol marang Raja Mesir.

٢٠. وَشَرَوْهُ بِثَمَنٍۭ بَخْسٍ دَرَاهِمَ مَعْدُودَةٍ ۚ وَكَانُوا۟ فِيهِ مِنَ ٱلزَّٰهِدِينَ ٢٠

Wasyarauhu bitsamanin bakhsin daraahima ma'duudah, wa kaanuu fiihi minaz zaahidiin.

21. Lan kang nuku ana Mesir celathu marang garwane [528]: "Mulyakna panggonane bocah ini, mbok manawa ana manfa'ate tumrap kita, utawa kita alap anak angkat". Lan mangkono uga Ingsun paring kekuwatan marang Yusuf ana ing Bumi Mesir, lan Ingsun ngertekake marang dheweke ibarate impen. Dene Allah iku kang ngalah-ngalahake kabeh parentahe, nanging akeh-akehe manungsa ora ngerti".

٢١. وَقَالَ ٱلَّذِى ٱشْتَرَىٰهُ مِن مِّصْرَ لِٱمْرَأَتِهِۦٓ أَكْرِمِى مَثْوَىٰهُ عَسَىٰٓ أَن يَنفَعَنَآ أَوْ نَتَّخِذَهُۥ وَلَدًا ۚ وَكَذَٰلِكَ مَكَّنَّا لِيُوسُفَ فِى ٱلْأَرْضِ وَلِنُعَلِّمَهُۥ مِن تَأْوِيلِ ٱلْأَحَادِيثِ ۚ وَٱللَّهُ غَالِبٌ عَلَىٰٓ أَمْرِهِۦ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ٢١

Wa qaalal ladzisy-taraahu mim mishra limra-atihii akrimii matswaahu 'asaa ay yanfa'anaa au nattakhidzahuu waladaa, wa kadzaalika makkannaa liyuusufa fil-ardhi wa linu'allimahuu min ta'wiilil ahaadiits, wallaahu ghaalibun 'alaa amrihii walaakinna aktsarannaasi laa ya'lamuun.

22. Bareng Yusuf wus tekan mangsane diwasa (kuwat), [529] nuli Ingsun paringi kawicaksanan, lan 'ilmu. Lan mangkono uga Ingsun angganjar wong-wong kang tumindak becik.

٢٢. وَلَمَّا بَلَغَ أَشُدَّهُۥٓ ءَاتَيْنَٰهُ حُكْمًا وَعِلْمًا ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ٢٢

Walammaa balagha asyuddahuu aatainaahu hukmaw wa 'ilmaa, wa kadzaalika najzil muhsiniin.

23. Lan wong wadon kang omahe dienggoni Yusuf, ambujuk marang dheweke nglakoni ala (sedheng), sarta wong wadon mau (Zulaikha) ngunci lawang-lawange omah nuli undang-undang: "Mrenea, ayo gek enggal". Yusuf mangsuli: "Kula nyuwun reksa

٢٣. وَرَٰوَدَتْهُ ٱلَّتِى هُوَ فِى بَيْتِهَا عَن نَّفْسِهِۦ وَغَلَّقَتِ ٱلْأَبْوَٰبَ وَقَالَتْ هَيْتَ لَكَ ۚ قَالَ مَعَاذَ ٱللَّهِ ۖ إِنَّهُۥ رَبِّىٓ أَحْسَنَ مَثْوَاىَ ۖ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٢٣

527). Tegyang ingkang manggih Yusuf wau sami boten ketarik manahipun, malah sami kuwatos dipun suwun wangsul ingkang gadhah, pramila enggal-enggal kasade mirah.

528). Saweneh ahli Tafsir anerangaken bilih garwa punika garwanipun satunggaling Pangageng ing Kerajan Mesir dinasti Fir'aun ingkang asma Qithfir, lan garwanipun asma Zulaikha.

529). Antawisipun yuswa 30 — 40 tahun.

dhumateng Allah, jalaran bandara kakung ngenggenaken kula kalayan sae, saestu boten begja tetiyang ingkang atindak zhalim".

Wa raawadat-hul latii huwa fii baitihaa 'an nafsihii wa ghallaqatil abwaaba wa qaalat haitalak, qaala ma'aadzallaahi innahuu rabbii ahsana matswaaya, innahuu laa yuflihuzh zhaalimuun.

24. Lan yekti wong wadon mau wus karep banget marang Yusuf, lan samono uga Yusuf. Dadi saupama Yusuf ora sumurup ing tandha yektining Pangerane,[530] temen ditindakake laku ala iku. Kaya mangkono Ingsun netepake Yusuf, perlu Ingsun singkirake laku ala, lan jember saka Yusuf. Satemene Yusuf iku golongane kawulanIngsun kang pilihan (becik)".

٢٤. وَلَقَدْ هَمَّتْ بِهٖ ۚ وَهَمَّ بِهَا لَوْلَآ اَنْ رَّاٰ بُرْهَانَ رَبِّهٖ ۚ كَذٰلِكَ لِنَصْرِفَ عَنْهُ السُّوْۤءَ وَالْفَحْشَآءَ ۚ اِنَّهٗ مِنْ عِبَادِنَا الْمُخْلَصِيْنَ ۝

Walaqad hammat bihii wa hamma bihaa laulaa ar-ra-aa burhaana rabbih, kadzaalika linashrifa 'anhussuu-a wal fakhsyaa, innahuu min 'ibaadinal mukhlashiin.

25. Lan sakarone, Yusuf lan Zulaikha, dhisik-dhisikan menyang lawang, lan klambine Yusuf digondheli nganti suwek dening wong wadon mau saka ing mburi, sarta dheweke lagi padha eneng-enengan ana ing lawang, dumadakan kapergok dening bendarane. Wong wadon mau nuli matur marang garwane mangkene: "Boten wonten malih piwalesipun tiyang ingkang gadhah kekajengan awon dhateng garwa panjenengan (zina), kajawi dipun kunjara utawi kasiksa ingkang sanget sakitipun".

٢٥. وَاسْتَبَقَا الْبَابَ وَقَدَّتْ قَمِيْصَهٗ مِنْ دُبُرٍ وَّاَلْفَيَا سَيِّدَهَا لَدَا الْبَابِ ۗ قَالَتْ مَا جَزَآءُ مَنْ اَرَادَ بِاَهْلِكَ سُوْۤءًا اِلَّآ اَنْ يُّسْجَنَ اَوْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Wastabaqal baaba wa qaddamat qamiishahuu min duburihiw wa alfayaa sayyidahaa ladal-baab, qaalat maa jazaa-u man araada bi-ahlika suu-an illaa ay yusjana au 'adzaabun aliim.

26. Yusuf matur: "Piyambakipun ingkang saestunipun ambujuk ing kula!". Lan wektu iku dumadakan ana sawijining saksi saka sawenehe ahline wong wadon mau kalawan matur: "Manawi rasukanipun Yusuf suwek sisih ngajeng, estu Zulaikha ingkang leres, sarta Yusuf kalebet golonganipun tiyang ingkang goroh".

٢٦. قَالَ هِيَ رَاوَدَتْنِيْ عَنْ نَّفْسِيْ ۚ وَشَهِدَ شَاهِدٌ مِّنْ اَهْلِهَا ۚ اِنْ كَانَ قَمِيْصُهٗ قُدَّ مِنْ قُبُلٍ فَصَدَقَتْ وَهُوَ مِنَ الْكٰذِبِيْنَ ۝

Qaala hiya raawadatnii 'an nafsii wa syahida syaahidum min ahlihaa, in kaana qamiishuhuu qudda min qubulin fashadaqat wahuwa minal kaadzibiin.

27. "Dene manawi rasukanipun Yusuf suwek saking sisih wingking, estu Zulaikha ingkang dora, sarta Yusuf dados golonganipun tiyang ingkang temen".

٢٧. وَاِنْ كَانَ قَمِيْصُهٗ قُدَّ مِنْ دُبُرٍ فَكَذَبَتْ وَهُوَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۝

530). Kados makaten drama-romantis ingkang meh kemawon dhawah ing lampah zina (nerak pager hayu), ananging kekiyataning Iman ing Allah SWT saged nyegah lan wangsul enget ing Allah ingkang Maha Nupiksa sadaya tumindaking manungsa, dados Yusuf boten tumindak ma'siyat.

Wa-in kaana qamiishahuu qudda min duburin fakadzabat wahuwa minash shaadiqiin.

28. Bareng garwane priksa klambine Yusuf suwek sisih mburi, nuli dhawuh: "Satemene iki saka pangreka dayanira, Zulaikha! Satemene pangrekanira iku perkara gedhe!".

٢٨. فَلَمَّا رَاٰ قَمِيْصَهٗ قُدَّ مِنْ دُبُرٍ قَالَ اِنَّهٗ مِنْ كَيْدِكُنَّ اِنَّ كَيْدَكُنَّ عَظِيْمٌ ۝

Falammaa ra-aa qamiishahuu qudda min duburin qaala innahuu min kaidi kunn, inna kaida kunna 'azhiim.

29. "Yusuf, tinggalen prekara iki, lan sira Zulaikha, nyuwuna pangapura tumrap dosanira, jalaran satemene sira iku golongane wong-wong kang salah".

٢٩. يُوْسُفُ اَعْرِضْ عَنْ هٰذَا ۚ وَاسْتَغْفِرِيْ لِذَنْۢبِكِ ۚ اِنَّكِ كُنْتِ مِنَ الْخٰطِـِٕيْنَ ۝

Yuusufu a'ridh 'an haadzaa wastaghfirii lidzambik, innaki kunti minal khaathiiin.

Nabi Yusuf a.s. dikunjoro.

30. Lan wong-wong wadon ing Negara kono padha rerasan: "Garwane Raja 531) ambujuk marang bature, yekti dheweke banget kasengseme marang batur iku. Sanyata kita anggep wong wadon mau ana ing kasasar kang nyata".

٣٠. وَقَالَ نِسْوَةٌ فِى الْمَدِيْنَةِ امْرَاَتُ الْعَزِيْزِ تُرَاوِدُ فَتٰىهَا عَنْ نَّفْسِهٖ ۚ قَدْ شَغَفَهَا حُبًّا ۭ اِنَّا لَنَرٰىهَا فِىْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ۝

Wa qaala niswatun fil madiinatim ra-atul 'aziizi turaawidu fataahaa 'an nafsihii qad syaghafahaa hubbaa, innaa lanaraahaa fii dhalaalim mubiin.

31. Bareng Zulaikha krungu wong-wong wadon ing Negara kono padha ngrasani, nuli kongkonan ngundang marang wong-wong wadon mau supaya teka ing ndaleme, sarta nyadhiyakake palungguhan lan panganan kanggo wong-wong wadon iku, sarta kabeh diwenehi lading, kanggo ngiris panganan iku, Zulaikha nuli celathu: "Sira metua Yusuf! Cerakana wong-wong wadon iku!". Bareng wong-wong wadon mau padha weruh Yusuf, kabeh padha muji sarta gumun, jalaran baguse, nganti driji-tangane padha kekiris. Wong-wong mau padha ngucap: "Maha Suci Allah, dudu manungsa iki?

٣١. فَلَمَّا سَمِعَتْ بِمَكْرِهِنَّ اَرْسَلَتْ اِلَيْهِنَّ وَاَعْتَدَتْ لَهُنَّ مُتَّكَاً وَّاٰتَتْ كُلَّ وَاحِدَةٍ مِّنْهُنَّ سِكِّيْنًا وَّقَالَتِ اخْرُجْ عَلَيْهِنَّ ۚ فَلَمَّا رَاَيْنَهٗٓ اَكْبَرْنَهٗ وَقَطَّعْنَ اَيْدِيَهُنَّ وَقُلْنَ حَاشَ لِلّٰهِ مَا هٰذَا بَشَرًا ۭ اِنْ هٰذَآ اِلَّا مَلَكٌ كَرِيْمٌ ۝

Falammaa sami'at bimakrihinna arsalat ilaihinna wa a'tadat lahunna muttaka-aw wa anta kulla waahidatim minhunna sikkiinaw wa qaalatikhruj 'alaihinna, falam-

531). Sawenehipun ahli Tafsir anerangaken Al-'Aziz punika sebutan Pangageng-pengageng ing Mesir zaman samanten.

Ora ana liya iki, kajaba Malaikat kang Mulya!".

maa ra-ainahuu akbarnahuu wa qaththa'-na aidiyahunna wa qulna haasya lillaahi maa haadzaa basyaraa, in haadzaa illaa malakun kariim.

32. Zulaikha nuli celathu: "Lah iku, kang anjalari sira nacad marang aku, satemene aku kang mbujuk dheweke supaya masrah-ake awake marang aku, nanging dheweke banget anggone nolak! Lan satemene upama dheweke kukuh ora gelem nurut parentah-ku, mesthi kalebokake pakunjaran, lan mes-thi dadi golongane wong kang diasorake!".

٣٢. قَالَتْ فَذٰلِكُنَّ الَّذِي لُمْتُنَّنِي فِيهِ ۖ وَلَقَدْ رَاوَدْتُهُ
عَن نَّفْسِهِ فَاسْتَعْصَمَ ۖ وَلَئِن لَّمْ يَفْعَلْ مَآ آمُرُهُ
لَيُسْجَنَنَّ وَلَيَكُونًا مِّنَ الصَّاغِرِينَ ۝

Qaalat fadzaalikunnal ladzii lumtunnanii fiih, walaqad raawattuhuu 'an nafsihii fasta'sham, wala-il lam yaf'al maa aamu-ruhuu layusjananna walayakuunam mi-nash shaaghiriin.

33. Yusuf mangsuli: "Ya Rabby, dhuh Pangeran kula! Pakunjaran langkung kawula remeni tinimbang pangajakipun tiyang estri punika, sarta upami Paduka boten karsa nebihaken pangreka dayanipun tiyang estri wau saking kula, yektos kawula condhong dhateng piyambakipun, sarta kawula dados golonganipun tetiyang bodho".

٣٣. قَالَ رَبِّ السِّجْنُ أَحَبُّ إِلَيَّ مِمَّا يَدْعُونَنِي إِلَيْهِ ۖ
وَإِلَّا تَصْرِفْ عَنِّي كَيْدَهُنَّ أَصْبُ إِلَيْهِنَّ وَأَكُن
مِّنَ الْجَاهِلِينَ ۝

Qaala rabbis sijnu ahabbu ilayya mimma yad'uunanii ilaiih, wa illaa tashrif 'annii kaidahunna ashbu ilaihinna wa akum mi-nal jaahiliin.

34. Pangerane Yusuf nuli ngijabahi panu-wune, yaiku PanjenengaNe nebihake reka-dayane wong-wong wadon mau. Sanyata PanjenengaNe iku Maha Miyarsa sarta Maha Priksa!".

٣٤. فَاسْتَجَابَ لَهُ رَبُّهُ فَصَرَفَ عَنْهُ كَيْدَهُنَّ ۚ إِنَّهُ
هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Fastajaaba lahuu rabbuhuu fasharafa 'an hu kaida hunn, innahuu huwas samii'ul 'aliim.

35. Banjur tuwuh panemune wong-wong mau, sawuse wong-wong mau sumurup ma-rang bukti-bukti kang nuduhake kabenerane Yusuf,[532] yen Yusuf iku kudu dilebokake pakunjaran tumekaning wektu-wektu tar-tamtu.

٣٥. ثُمَّ بَدَا لَهُم مِّن بَعْدِ مَا رَأَوُا الْآيَاتِ لَيَسْجُنُنَّهُ
ع ١٤ حَتَّىٰ حِينٍ ۝

Tsumma badaa lahum mim ba'di maa ra-awul aayaati layasjununnahuu hattaa hiin.

532). Tetiyang umum sami mangertos piyambak ingkang leres punika Yusuf, sanaosa makaten Yusuf tetep dipun kunjara supados opyaking njawi Yusuf katingal salah, sarta tetiyang umum boten ngraosi malih.

Yusuf da'wah ing pakunjaran.

٣٦. وَدَخَلَ مَعَهُ السِّجْنَ فَتَيٰنِ ۖ قَالَ اَحَدُهُمَآ اِنِّيٓ
اَرٰىنِيٓ اَعْصِرُ خَمْرًا ۚ وَقَالَ الْاٰخَرُ اِنِّيٓ اَرٰىنِيٓ اَحْمِلُ
فَوْقَ رَاْسِيْ خُبْزًا تَاْكُلُ الطَّيْرُ مِنْهُ ۗ نَبِّئْنَا بِتَاْوِيْلِهٖ ۚ
اِنَّا نَرٰىكَ مِنَ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

Wadakhala ma'ahus sijna fatayaan, qaala ahaduhumaa innii araanii a'shiru khamraa, wa qaalal aakharu innii araanii ahmilu fauqa ra'sii khubzan ta'kuluth thairu minh, nabbi'naa bita'wiilih, innaa naraaka minal muhsiniin.

36. Lan Yusuf mlebu ana ing pakunjaran mau bebarengan karo wong nom-noman loro.[533] Sijine matur marang Yusuf: "Saestu kula sampun nyumpena meres anggur". Dene kang sijine matur: "Sayektosipun kula sampun nyumpena nyunggi roti, lajeng katedha peksi. Cobi anerangna dhateng kula ibaratipun sumpenan punika, margi sayektosipun kula sumerap panjenengan punika kalebet tiyang ingkang sae (saged na'biraken sumpenan)".

٣٧. قَالَ لَا يَاْتِيْكُمَا طَعَامٌ تُرْزَقٰنِهٖٓ اِلَّا نَبَّاْتُكُمَا بِتَاْوِيْلِهٖ
قَبْلَ اَنْ يَّاْتِيَكُمَا ۚ ذٰلِكُمَا مِمَّا عَلَّمَنِيْ رَبِّيْ ۚ اِنِّيْ تَرَكْتُ
مِلَّةَ قَوْمٍ لَّا يُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَهُمْ بِالْاٰخِرَةِ هُمْ
كٰفِرُوْنَ ۝

Qaala laa ya'tiikumaa tha'aamun turzaqaanihii illaa nabba'tukumaa bita'wiilihii qabla ay ya'tiyakumaa, dzaalikumaa mimmaa 'allamanii rabbii, innii taraktu millata qaumil laa yu'minuuna billaahi wahum bil-aakhirati hum kaafiruun.

37. Yusuf ngandika: "Ora bakal teka marang sira sakaloron panganan kang bakal diparingake marang sira saiki, ananging aku bisa nerangake ing katerangane panganan mau sadurunge teka marang sira. Katerangane, sumurup sadurunge winarah, iki sawenehe kang kawulangake dening Pangeranku marang aku. Satemene aku ora nganut Agamane kaum-kaum kang ora iman marang Allah, sarta padha mungkir (kafir) marang Akherat.

٣٨. وَاتَّبَعْتُ مِلَّةَ اٰبَآءِيْٓ اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ ۗ
مَا كَانَ لَنَآ اَنْ نُّشْرِكَ بِاللّٰهِ مِنْ شَيْءٍ ۗ ذٰلِكَ مِنْ
فَضْلِ اللّٰهِ عَلَيْنَا وَعَلَى النَّاسِ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ
لَا يَشْكُرُوْنَ ۝

Wattaba'tu millata aabaa-ii ibraahiima wa is-haaqa wa ya'quub, maa kaana lanaa an nusyrika billaahi min syai', dzaalika min fadhlillaahi 'alainaa wa 'alan naasi walaakinna aktsaran naasi laa yasykuruun.

38. "Nanging aku ndherek Agamane Ramaramaku Ibrahim, Ishaq, lan Ya'qub, ora pisan-pisan aku nyakuthokake sawiji-wiji marang Allah. Kang kaya mangkono iku saka kanugrahaning Allah marang aku, lan marang para manungsa, nanging akeh-akehing manungsa ora padha syukur!".

533). Miturut riwayat tiyang kekalih punika nem-neman, satunggal abdi ingkang mirunggan lelados unjuk-unjukan Raja, satunggalipun malih abdi (cik portin) tukang masak rotinipun Raja ing Mesir.

39. "He kanc..ku sakaloron kang ana ing pakunjaran! Endi ta kang luwih becik, pirang-pirang Pangeran kang beda-beda iku, utawa apa Allah kang Siji tur Maha Misesa marang kabeh makhluk?".

٣٩- يٰصَاحِبَيِ السِّجْنِ ءَاَرْبَابٌ مُّتَفَرِّقُوْنَ خَيْرٌ اَمِ اللّٰهُ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ۝

Yaa shaahibayis sijni a-arbaabum mutafarriquuna khairun amillaahil waahidul qahhaar.

40. Sira ora padha nyembah saliyane Allah, kajaba jeneng kang sira sebut sarta Bapak-bapakira. Allah ora nurunake hujah kang ambenerake nyembah marang brahala-brahala iku. Ora ana hukum iku, kajaba kagungane Allah pribadi; PanjenengaNe wus dhawuh, sira aja nyembah, kajaba mung marang PanjenengaNe pribadi. Lan iku Agama kang bener, nanging akeh-akehe manungsa ora padha ngerti.

٤٠- مَا تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِهٖٓ اِلَّآ اَسْمَآءً سَمَّيْتُمُوْهَآ اَنْتُمْ وَاٰبَآؤُكُمْ مَّآ اَنْزَلَ اللّٰهُ بِهَا مِنْ سُلْطٰنٍ اِنِ الْحُكْمُ اِلَّا لِلّٰهِ اَمَرَ اَلَّا تَعْبُدُوْٓا اِلَّآ اِيَّاهُ ذٰلِكَ الدِّيْنُ الْقَيِّمُ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Maa ta'buduuna min duunihii illaa asmaa-an sammaitumuuhaa antum wa aabaa-ukum maa anzalallaahu bihaa min sulthaan, inil hukmu illaa lillaah, amara allaa ta'buduu illaa iyyaah, dzaalikad diinul qayyimu walaakinna aktsaran naasi laa ya'lamuun.

41. "He kancaku sakaloron kang ana ing pakunjaran! Dene salah siji saka sira sakaloron kang ngimpi meres anggur, bakal dadi tukang laden arak marang Raja, lan kang sijine, kang ngimpi nyunggi roti, bakal dihukum salib, nuli sirahe dithotholi manuk. Saiki wus diputusake perkara kang sira suwunake fatwa katerangane impen iku!".

٤١- يٰصَاحِبَيِ السِّجْنِ اَمَّآ اَحَدُكُمَا فَيَسْقِيْ رَبَّهٗ خَمْرًا وَاَمَّا الْاٰخَرُ فَيُصْلَبُ فَتَاْكُلُ الطَّيْرُ مِنْ رَّاْسِهٖ قُضِيَ الْاَمْرُ الَّذِيْ فِيْهِ تَسْتَفْتِيٰنِ ۝

Yaa shaahibayis sijni ammaa ahadukumaa fayasqii rabbahuu khamraa, wa ammal aakharu fayushlabu fata'kuluth thairu mir ra'sih, qudhiyal amrulladzii fiihi tastaftiyaan.

42. Lan Yusuf ngandika marang wong kang nduwe pangira yen dheweke bakal lepas saka hukuman, saka antarane wong loro iku: "Aturna kahananku marang Raja, yen aku wong kang dikaniaya ana ing pakunjaran, ing mangka ora duwe dosa!". Dheweke nuli dilalekake dening syetan ngaturake piwelinge Yusuf marang Raja, mula Yusuf isih tetep maneh ana ing pakunjaran sawatara tahun lawase.

٤٢- وَقَالَ لِلَّذِيْ ظَنَّ اَنَّهٗ نَاجٍ مِّنْهُمَا اذْكُرْنِيْ عِنْدَ رَبِّكَ فَاَنْسٰىهُ الشَّيْطٰنُ ذِكْرَ رَبِّهٖ فَلَبِثَ فِي السِّجْنِ بِضْعَ سِنِيْنَ ۝ ع ١٥

Wa qaalal ladzii zhanna annahuu naajim minhumadz kurnii 'inda rabbika fa- ansaahusy syaithaanu dzikra rabbihii falabitsa fissijni bidh'a siniin.

Nabi Yusuf na'birake supena Raja.

43. Lan Raja mau ngandika: "Satemene Ingsun supena sumurup sapi pitu kang lemu-lemu dipangan dening sapi pitu kang kuru, lan Ingsun sumurup pari kang isih ijo pitung wuli, lan kang garing pitung wuli. He para Narapraja! Mara terangna marang Ingsun ibarate supenanIngsun iku, yen sira iku kang bisa na'birake impen!".

٤٣. وَقَالَ الْمَلِكُ إِنِّي أَرَىٰ سَبْعَ بَقَرَاتٍ سِمَانٍ يَأْكُلُهُنَّ سَبْعٌ عِجَافٌ وَسَبْعَ سُنْبُلَاتٍ خُضْرٍ وَأُخَرَ يَابِسَاتٍ يَا أَيُّهَا الْمَلَأُ أَفْتُونِي فِي رُؤْيَايَ إِنْ كُنْتُمْ لِلرُّؤْيَا تَعْبُرُونَ ۝

Wa qaalal maliku innii araa sab'a baqaraatin simaaniy ya'kuluhunna sab'un 'ijaafuw wa sab'a sumbulaatin khudhriw wa ukhara yaabisaat, yaa ayyuhal mala-u aftuunii fii ru'yaaya in kuntum lirru'yaa ta'buruun.

44. Wong-wong mau padha matur: "Punika linduran, sanes supenan ingkang leres, lan kita punika boten mangertos ibarating linduran".

٤٤. قَالُوا أَضْغَاثُ أَحْلَامٍ وَمَا نَحْنُ بِتَأْوِيلِ الْأَحْلَامِ بِعَالِمِينَ ۝

Qaaluu adhghaatsu ahlaam, wamaa nahnu bita'wiilil ahlaami bi'aalimiin.

45. Lan wong nom-noman kang slamet saka salah sijine kancane Yusuf ing pakunjaran, wektu iku kelingan kahanane Yusuf, tumuli matur, tembunge: "Kawula ingkang bad'ie saged anerangaken ibaratipun supenan punika, jalaran punika, mugi kula kautusa dhateng pakunjaran!".

٤٥. وَقَالَ الَّذِي نَجَا مِنْهُمَا وَادَّكَرَ بَعْدَ أُمَّةٍ أَنَا أُنَبِّئُكُمْ بِتَأْوِيلِهِ فَأَرْسِلُونِ ۝

Wa qaalal ladzii najaa minhumaa waddakara ba'da ummatin ana-unabbi-ukum bita'wiilihii fa-arsiluun.

46. Bareng dheweke katemu Yusuf, nuli matur: "Yusuf ingkang temen! Mugi panjenengan paring fatwa dhateng kula ibaratipun supenan: Lembu pitu lema-lema katedha lembu pitu ingkang kera, lan pantun ingkang taksih ijem pitung wuli, lan ingkang garing pitung wuli. Mugi-mugi kula wangsul dhateng tetiyang kathah, kaliyan mbekta ibaratipun supenan punika, mugi-mugi sami mangertos!".

٤٦. يُوسُفُ أَيُّهَا الصِّدِّيقُ أَفْتِنَا فِي سَبْعِ بَقَرَاتٍ سِمَانٍ يَأْكُلُهُنَّ سَبْعٌ عِجَافٌ وَسَبْعِ سُنْبُلَاتٍ خُضْرٍ وَأُخَرَ يَابِسَاتٍ لَعَلِّي أَرْجِعُ إِلَى النَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَعْلَمُونَ ۝

Yuusufu ayyuhash shiddiiqu aftinaa fii sab'i baqaraatin simaaniy ya'kuluhunna sab'un 'ijaafuw wa sab'i sumbulaatin khudhriw wa ukhara yaabisaat, la'allii arji'u ilannaasi la'allahum ya'lamuun.

47. Wangsulane Yusuf: "Sira padha nandura ana ing sajerone pitung tahun kang bakal teka, kaya adate; sarta oleh-olehane kang wus dieneni simpenen kalawan wuline, supaya aja enggal rusak, kajaba sathithik bahe kang padha sira pangan".

٤٧. قَالَ تَزْرَعُونَ سَبْعَ سِنِينَ دَأَبًا فَمَا حَصَدْتُمْ فَذَرُوهُ فِي سُنْبُلِهِ إِلَّا قَلِيلًا مِمَّا تَأْكُلُونَ ۝

Qaala tazra'uuna sab'a siniina da-abaa, famaa hashad-tum fadzaruuhu fii sumbulihii illaa qaliilam mimmaa ta'kuluun.

48. "Sawuse pitung tahun kang gemah ripah iku, nuli bakal teka paceklik pitung tahun lawase, kang bakal ngentekake barang kang sira simpen kanggo tahun-tahun iku, kajaba sathithik saka kang sira simpen kanggo winih".

٤٨ - ثُمَّ يَأْتِي مِنْ بَعْدِ ذٰلِكَ سَبْعٌ شِدَادٌ يَّأْكُلْنَ مَا قَدَّمْتُمْ لَهُنَّ إِلَّا قَلِيلًا مِّمَّا تُحْصِنُونَ ٥

Tsumma ya'tii mim ba'di dzaalika sab-'un syidaaduy ya'kulna maa qaddam-tum lahunna illaa qaliilam mimmaa tuhshinuun.

49. "Sawuse tahun - tahun paceklik iku, bakal teka tahun kang ana ing kono para manungsa oleh udan, sarta ana ing kono padha meres anggur kanggo arak, lan zaitun, sarta wijen kanggo lenga".

٤٩ - ثُمَّ يَأْتِي مِنْ بَعْدِ ذٰلِكَ عَامٌ فِيهِ يُغَاثُ النَّاسُ وَفِيهِ يَعْصِرُونَ ٥ ع ١٦

Tsumma ya'tii mim ba'di dzaalika 'aa-mun fiihi yughaatsun naasu wa fiihi ya'shiruun.

Nabi Yusuf a.s. diluwari saka pakunjaran.

50. Lan Raja mau banjur ngandika: "Tekakna mrene Yusuf!". Bareng utusan Raja mau teka marang Yusuf ana ing pakunjaran, Yusuf ngandika: "Sampeyan wangsul dhateng Raja, sampeyan takekaken kados pundi kawontenanipun tetiyang estri ingkang sami ngiris drijining tangan, marga saleresipun Pangeran kula Maha Nguningani pangreka dayanipun tetiyang estri punika".

٥٠ - وَقَالَ الْمَلِكُ ائْتُونِي بِهِ ۖ فَلَمَّا جَاءَهُ الرَّسُولُ قَالَ ارْجِعْ إِلَىٰ رَبِّكَ فَاسْأَلْهُ مَا بَالُ النِّسْوَةِ اللَّاتِي قَطَّعْنَ أَيْدِيَهُنَّ ۚ إِنَّ رَبِّي بِكَيْدِهِنَّ عَلِيمٌ ٥

Wa qaalal maliku'tuunii bihii falammaa jaa-ahur rasuulu qaalarji' ilaa rabbika fas-alhu maa baalun niswatil latii qath-tha'na aidiyahunn, inna rabbii bikaidi-hinna 'aliim.

51. Raja iku nuli pitakon: "Kapriye kalakuanira, wong-wong wadon, nalika sira mbujuk Yusuf?". Wong-wong wadon matur: "Kita nyuwun reksa dhumateng Allah, sayektos kita dereng wonten ingkang sumerep kawontenanipun Yusuf tumindak awon". Garwane Al 'Aziz, Zulaikha matur: "Sapunika sampun tetela kaleresanipun Yusuf. Sayektosipun kula ingkang mbujuk Yusuf, sarta saleresipun Yusuf punika golonganipun tetiyang ingkang leres". 534)

٥١ - قَالَ مَا خَطْبُكُنَّ إِذْ رَاوَدْتُنَّ يُوسُفَ عَن نَّفْسِهِ ۚ قُلْنَ حَاشَ لِلَّهِ مَا عَلِمْنَا عَلَيْهِ مِن سُوءٍ ۚ قَالَتِ امْرَأَتُ الْعَزِيزِ الْآنَ حَصْحَصَ الْحَقُّ أَنَا رَاوَدْتُهُ عَن نَّفْسِهِ وَإِنَّهُ لَمِنَ الصَّادِقِينَ ٥

Qaala maa khathbukunna idz raawad-tunna yuusufa 'an nafsih, qulna haasya lillaahi maa 'allimnaa 'alaihi min suu', qaalatimra-atul 'aziizil aana hash-hashal haqq, ana raawattuhuu 'an nafsihii wa innahuu laminash shaadiqiin.

534). Ing zaman modern ingkang kawastanan skandal-wanita punika sering sanget damel gendra ing masyarakat, langkung-langkung ing lingkungan politik, perekonomian, utawi ing kemiliteran sapiturutipun. Cekakipun sarananing gendra utawi fitnah punika saking margi ingkang mawarni-warni, saged saking wanita, arta (semat), pangkat, putra lan sanes-sanesipun. Dene ingkang saged ananggulangi boten wonten malih anamung iman kita piyambak.

52. Yusuf ngandika: "Kang mangkono iku, supaya Raja uninga yen aku ora khiyanat marang panjenengane ana ing nalikane ora ana ndalem, lan satemene Allah iku ora paring pituduh marang pangreka dayane wong-wong kang khiyanat".

٥٢ - ذٰلِكَ لِيَعْلَمَ اَنِّيْ لَمْ اَخُنْهُ بِالْغَيْبِ وَاَنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِيْ كَيْدَ الْخَآئِنِيْنَ ۝

Dzaalika liya'lama annii lam akhunhu bil ghaibi wa annallaaha laa yahdii kaidal khaa-iniin.

JUZ 13

53. "Lan aku ora nucek-nucekake nafsuku, jalaran satemene nafsu iku banget anggone marentah laku ala, kajaba wong kang kinasihan dening Pangeranku, sanyata Pangeranku iku Maha Ngapura tur Maha Asih".

٥٣ - وَمَآ اُبَرِّئُ نَفْسِيْ ۚ اِنَّ النَّفْسَ لَاَمَّارَةٌ ۢ بِالسُّوْٓءِ اِلَّا مَا رَحِمَ رَبِّيْ ۚ اِنَّ رَبِّيْ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Wamaa ubarri-u nafsii, innan nafsa laammaaratum bissuu-i illaa maa rahima rabbii, inna rabbii ghafuurur rahiim.

54. Lan Raja mau ngandika: "Tekakna mrene Yusuf, Ingsun arep katemon dhewekan tanpa kanthi". Bareng Raja iku wus wawan pangandika kalawan Yusuf, nuli ngandika: "Estu panjenengan wiwit dinten punika kaparingan kalenggahan ingkang pinitados".

٥٤ - وَقَالَ الْمَلِكُ ائْتُوْنِيْ بِهٖٓ اَسْتَخْلِصْهُ لِنَفْسِيْ ۚ فَلَمَّا كَلَّمَهٗ قَالَ اِنَّكَ الْيَوْمَ لَدَيْنَا مَكِيْنٌ اَمِيْنٌ ۝

Wa qaalal maliku'tuunii bihii astakhlishhu linafsii, falammaa kallamahuu qaala innakal yauma ladainaa makiinun amiin.

55. Yusuf matur: "Panjenengan mugi andadosna kawula, tiyang ingkang kawogan ngupakara gudhanging bandha ing Negeri ngriki, Mesir. Saestu, kawula ingkang badhe saged anjagi lan mangertos dhateng margi-margi kamaslahatanipun!".

٥٥ - قَالَ اجْعَلْنِيْ عَلٰى خَزَآئِنِ الْاَرْضِ ۚ اِنِّيْ حَفِيْظٌ عَلِيْمٌ ۝

Qaalaj'alnii 'alaa khazaa-inil ardh, innii hafiidhun 'aliim.

56. "Kaya dene anggonIngsun wus paring ni'mat marang Yusuf, mangkono uga Ingsun wus manggonake Yusuf ana ing Negara Mesir, bisoa mapan miturut apa kang dikarepake. Ingsun paring rahmatIngsun marang wong kang dadi kaparenging karsan-Ingsun, sarta Ingsun ora ngilangake ganjarane wong-wong kang tumindak becik".

٥٦ - وَكَذٰلِكَ مَكَّنَّا لِيُوْسُفَ فِي الْاَرْضِ ۚ يَتَبَوَّاُ مِنْهَا حَيْثُ يَشَآءُ ۚ نُصِيْبُ بِرَحْمَتِنَا مَنْ نَّشَآءُ وَلَا نُضِيْعُ اَجْرَ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

Wa kadzaalika makkannaa liyuusufa fil ardh, yatabawwa-u minhaa haitsu yasyaa', nushiibu birahmatinaa man nasyaa-, walaa yudhii'u ajral muhsiniin.

57. Lan satemene ganjaran Akherat iku luwih becik tumrap wong-wong kang iman, lan dheweke padha wedi marang Allah.

٥٧ - وَلَاَجْرُ الْاٰخِرَةِ خَيْرٌ لِّلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَكَانُوْا يَتَّقُوْنَ ۝ ع ٦

Wala-ajrul aakhirati khairul lilladziina aamanuu wa kaanuu yattaquun.

Nabi Yusuf a.s. katemu maneh karo para sadulure.

58. Lan para sadulure Yusuf teka marang panggonane Yusuf (arep kekulak pangan), lan Yusuf ngerti yen wong-wong iku para sadulure, nanging sadulure ora ngerti yen iku Yusuf.

٥٨ - وَجَآءَ إِخْوَةُ يُوسُفَ فَدَخَلُوا عَلَيْهِ فَعَرَفَهُمْ وَهُمْ لَهُ مُنكِرُونَ ٥

Wa jaa-a ikhwatu yuusufa fadakhaluu 'alaihi fa'arafahum wahum lahuu munkiruun.

59. Lan sawuse Yusuf ngrampungake barang-barange wong-wong mau, nuli ngandika: "Ajaken mrene sadulurira kang tunggal Bapa (arane Bunyamin), manawa sira padha kekulak maneh. Apa sira ora padha sumurup yen satemene aku kang nuhoni takeran, lan aku iki sabecik-becike wong kang nampani dhayoh?".

٥٩ - وَلَمَّا جَهَّزَهُم بِجَهَازِهِمْ قَالَ ائْتُونِي بِأَخٍ لَّكُم مِّنْ أَبِيكُمْ أَلَا تَرَوْنَ أَنِّي أُوفِي الْكَيْلَ وَأَنَا خَيْرُ الْمُنزِلِينَ ٥

Walammaa jahhazahum bijahaazihim qaala'tuunii bi-akhillakum min abiikum, alaa tarauna annii uufil kaila wa ana khairul munziliin.

60. "Manawa sira besuk ora ngajak sadulurira iku, aku ora arep nakerake maneh kanggo sira, lan sira aja nyeraki aku!".

٦٠ - فَإِن لَّمْ تَأْتُونِي بِهِ فَلَا كَيْلَ لَكُمْ عِندِي وَلَا تَقْرَبُونِ ٥

Fa-illam ta'tuunii bihii falaa kaila lakum 'indii walaa taqrabuun.

61. Wong-wong mau mangsuli: "Kula sadaya badhe ambujuk supados angsal palilah Ramanipun, kaajak mriki, lan saleresipun kula sadaya badhe nglampahi dhawuh wau!".

٦١ - قَالُوا سَنُرَاوِدُ عَنْهُ أَبَاهُ وَإِنَّا لَفَاعِلُونَ ٥

Qaaluu sanuraawidu 'anhu abaahu wa innaa lafaa'iluun.

62. Lan Yusuf dhawuh marang para punggawane: "Lebokna dhuwit oleh-olehan anggone adol pangan ana ing wadhah sangune wong-wong mau, supaya bisa kasumurupan manawa wong-wong mau bali marang ahli-ahline, muga-muga wong-wong mau padha bali mrene maneh!".

٦٢ - وَقَالَ لِفِتْيَانِهِ اجْعَلُوا بِضَاعَتَهُمْ فِي رِحَالِهِمْ لَعَلَّهُمْ يَعْرِفُونَهَا إِذَا انقَلَبُوا إِلَىٰ أَهْلِهِمْ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ٥

Wa qaala lifityaanihij'aluu bidhaa'atahum fii rihaalihim la'allahum ya'rifuunahaa idzanqalabuu ilaa ahlihim la'allahum yarji'uun.

٦٣. فَلَمَّا رَجَعُوٓا إِلَىٰٓ أَبِيهِمْ قَالُوا يَٰٓأَبَانَا مُنِعَ مِنَّا الْكَيْلُ فَأَرْسِلْ مَعَنَآ أَخَانَا نَكْتَلْ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ۝

Falammaa raja'uu ilaa abiihim qaaluu yaa abaanaa muni'a minnal kailu fa-arsil ma'anaa akhaanaa naktal wa innaa lahuu lahaafizhuun.

63. Bareng wong-wong mau wus bali marang Ramane, nuli matur: "Dhuh Rama! Ing ngajeng benjang kula sadaya boten badhe pikantuk nempur malih, kajawi manawi sesarengan kalayan sadherek kula Bunyamin. Saking punika, mugi Rama paring palilah supados ndherek, tamtu kita sadaya badhe saged nempur malih, sarta badhe anjagi piyambakipun".

٦٤. قَالَ هَلْ ءَامَنُكُمْ عَلَيْهِ إِلَّا كَمَآ أَمِنتُكُمْ عَلَىٰٓ أَخِيهِ مِن قَبْلُ ۖ فَٱللَّهُ خَيْرٌ حَٰفِظًا ۖ وَهُوَ أَرْحَمُ ٱلرَّٰحِمِينَ ۝

Qaala hal aamanukum 'alaihi illaa kamaa amintukum 'alaa akhiihi min qabl, fallaahu khairun haafizhaa, wahuwa arhamur raahimiin.

64. Ramane mangsuli: "Ora pisan-pisan aku mitayakake dheweke marang sira, kajaba kaya anggonku wus mitayakake sadulure, Yusuf, marang sira biyen. Mung Allah piyambak kang luwih becik pangreksaNe, lan PanjenengaNe luwih Asihe kang Asih".

٦٥. وَلَمَّا فَتَحُوا۟ مَتَٰعَهُمْ وَجَدُوا۟ بِضَٰعَتَهُمْ رُدَّتْ إِلَيْهِمْ ۖ قَالُوا۟ يَٰٓأَبَانَا مَا نَبْغِى ۖ هَٰذِهِۦ بِضَٰعَتُنَا رُدَّتْ إِلَيْنَا ۖ وَنَمِيرُ أَهْلَنَا وَنَحْفَظُ أَخَانَا وَنَزْدَادُ كَيْلَ بَعِيرٍ ۖ ذَٰلِكَ كَيْلٌ يَسِيرٌ ۝

Walammaa fatahuu mataa'ahum wajaduu bidhaa'atahum ruddat ilaihim, qaaluu yaa abaanaa maa nabghii, haadzihii bidhaa'atunaa ruddat ilainaa, wa namiiru ahlanaa wa nahfazhu akhaanaa wa nazdaadu kaila ba'iir, dzaalika kailuy yasiir.

65. Bareng wong-wong mau mbukak barang-barang gawane, padha nemu dhuwite dibalekake, nuli padha matur: "Dhuh Rama! Lah punika sadaya ingkang kula aturaken dhumateng Rama, saking kasaenanipun priyagung ing Mesir, punika boten dora! Punika arta kawula kawangsulaken malih. Sarta kula badhe nempur tetedhan kangge para ahli, sarta badhe anjagi sadherek kawula. Sarta yektos manawi kalayan piyambakipun, momotan onta ugi badhe tambah. Ingkang makaten wau, gampil tumraping Raja".

٦٦. قَالَ لَنْ أُرْسِلَهُۥ مَعَكُمْ حَتَّىٰ تُؤْتُونِ مَوْثِقًا مِّنَ ٱللَّهِ لَتَأْتُنَّنِى بِهِۦٓ إِلَّآ أَن يُحَاطَ بِكُمْ ۖ فَلَمَّآ ءَاتَوْهُ مَوْثِقَهُمْ قَالَ ٱللَّهُ عَلَىٰ مَا نَقُولُ وَكِيلٌ ۝

Qaala lan ursilahuu ma'akum hattaa tu'tuuni mautsiqam minallaahi lata'tunnanii bihii illaa ay yuhaatha bikum, falammaa aatauhu mautsiqahum qaalallaahu 'alaa maa naquulu wakiil.

66. Ya'qub, Ramane mangsuli: "Aku ora pisan-pisan anjurungake Bunyamin melu sira, kajaba sira gawe parjanjian marang aku sarana dikuwatake sumpah marang Allah, yen sira mesthi bakal mulih, bebarengan Bunyamin, kajaba ta yen sira padha ketaman ing aral". Bareng wong-wong mau padha janji mangkono, Ramane ngandika: "Amung Allah piyambak kang nekseni kabeh kang padha dak ucapake iki".

٦٧. وَقَالَ يٰبَنِيَّ لَا تَدْخُلُوْا مِنْ بَابٍ وَّاحِدٍ وَّادْخُلُوْا مِنْ اَبْوَابٍ مُّتَفَرِّقَةٍ ۭ وَمَآ اُغْنِيْ عَنْكُمْ مِّنَ اللّٰهِ مِنْ شَيْءٍ ۭ اِنِ الْحُكْمُ اِلَّا لِلّٰهِ ۭ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ ۚ وَعَلَيْهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُتَوَكِّلُوْنَ ۝

67. Lan Ramane ngandika: "Anak-anakku! Sira aja padha mlebu ngliwati lawang siji, nanging mlebuwa saka lawang kang beda-beda; ewa samono aku ora bisa nulak kadar katamtuwane Allah kang tumiba marang sira, sanajan sira miturut isyarahku, sabab ora ana katamtuwan hukum iku, kajaba kagungane Allah. Mung marang PanjenengaNe pribadi aku sumarah pasrah, lan mung marang PanjenengaNe padha sumaraha wong-wong kang sumarah".

Wa qaala yaa baniyya laa tadkhuluu mim baabiw waahidiw wadkhuluu min abwaabim mutafarriqah, wamaa ughnii 'ankum minallaahi min syaii', inil hukmu illaa lillaah, 'alaihi tawakkaltu wa 'alaihi falyatawakkalil mutawakkiluun.

٦٨. وَلَمَّا دَخَلُوْا مِنْ حَيْثُ اَمَرَهُمْ اَبُوْهُمْ ۭ مَا كَانَ يُغْنِيْ عَنْهُمْ مِّنَ اللّٰهِ مِنْ شَيْءٍ اِلَّا حَاجَةً فِيْ نَفْسِ يَعْقُوْبَ قَضٰىهَا ۭ وَاِنَّهٗ لَذُوْ عِلْمٍ لِّمَا عَلَّمْنٰهُ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

68. Lan sawuse wong-wong mau mlebu ing Mesir kanthi miturut apa kang didhawuhake dening Ramane Ya'qub, sathithik bahe ora bisa nulak keputusaning Allah, sanajan mlebune iku manut parentahe Ramane, kajaba mung sekadar netepi kepentingane Ya'qub bahe, jalaran welas marang anak-anake. Lan satemene Ya'qub iku temen nduweni 'ilmu karana barang kang wus Ingsun wulangake marang dheweke, ananging akeh-akehe manungsa ora ngerti".

Walammaa dakhaluu min haitsu amarahum abuuhum, maa kaana yughnii 'anhum minallaahi min syai-in illaa haajatan fii nafsi ya'quuba qadhaahaa, wa innahuu ladzuu 'ilmil limaa 'allamnaahu walaakinna aktsaran naasi laa ya'lamuun.

٦٩. وَلَمَّا دَخَلُوْا عَلٰي يُوْسُفَ اٰوٰٓى اِلَيْهِ اَخَاهُ ۭ قَالَ اِنِّيْٓ اَنَا اَخُوْكَ فَلَا تَبْتَىِٕسْ بِمَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

69. Bareng wong-wong mau mlebu ing panggonane Yusuf, sadulure seje Ibu, Bunyamin, nuli dipisah dening Yusuf, dirawat ing panggonane dhewe, sarta Yusuf ngandika: "Satemene aku iki, Yusuf sadulurmu! Jalaran saka iku sira aja susah, dening sabab saka tindak pokale wong-wong iku!".

Walammaa dakhaluu 'alaa yuusufa aawaa ilaihi akhaahu qaala innii ana akhuuka falaa tabta-is bimaa kaanuu ya'maluun.

٧٠. فَلَمَّا جَهَّزَهُمْ بِجَهَازِهِمْ جَعَلَ السِّقَايَةَ فِيْ رَحْلِ اَخِيْهِ ثُمَّ اَذَّنَ مُؤَذِّنٌ اَيَّتُهَا الْعِيْرُ اِنَّكُمْ لَسٰرِقُوْنَ ۝

70. Sawuse ditata lan dicepak-cepakake gegawane arep bali, nuli bakine (tuwung) Raja dilebokake ana ing wadhah panganane sadulure, Bunyamin. Sawuse budhal ana wong kang ngondhangake, pangucape: "He untan-untan! Satemene sira iku maling kabeh!".

Falammaa jahhazahum bijahaazihim ja'alas siqaayata fii rahli akhiihi tsumma adzdzana mu-adzdzinun ayyatuhal 'iiru innakum lasaariquun.

71. Wong-wong mau nuli nyeraki marang punggawa Raja, Yusuf, karo matur: "Kecalan punapa, sampeyan!".

٧١. قَالُوا وَأَقْبَلُوا عَلَيْهِم مَّاذَا تَفْقِدُونَ ۝

Qaaluu wa aqbaluu 'alaihim maadzaa tafqiduun.

72. Para punggawa mangsuli: "Aku kelangan tuwunge Raja! Sarta sapa-sapa kang bisa nemokake barang iku, yekti bakal diparingi ganjaran samomotan unta, lan aku kang nanggung parjanjiyan iku".

٧٢. قَالُوا نَفْقِدُ صُوَاعَ الْمَلِكِ وَلِمَن جَاءَ بِهِ حِمْلُ بَعِيرٍ وَأَنَا بِهِ زَعِيمٌ ۝

Qaaluu nafqidu shuwaa'al maliki wa liman jaa-a bihii himlu ba'iiriw wa ana bihii za'iim.

73. Wong-wong mau matur: "Demi Allah, yektos sampeyan sampun sumerap, yen kula sadaya dhateng ing mriki punika, boten badhe damel risak wonten ing Negari, sarta kula sadaya sanes pandung!".

٧٣. قَالُوا تَاللَّهِ لَقَدْ عَلِمْتُم مَّا جِئْنَا لِنُفْسِدَ فِي الْأَرْضِ وَمَا كُنَّا سَارِقِينَ ۝

Qaaluu tallaahi laqad 'alimtum maa ji'naa linufsida fil ardhi wamaa kunnaa saariqiin.

74. Para punggawa celathu: "Apa piwalese manawa sira padha goroh?".

٧٤. قَالُوا فَمَا جَزَاؤُهُ إِن كُنتُمْ كَاذِبِينَ ۝

Qaaluu famaa jazaa-uhuu inkuntum kaadzibiin.

75. Wong-wong mau matur maneh: "Piwalesipun sok sintena kemawon, manawi barang punika pinanggih ing wadhah tetedhanipun, inggih tiyang wau minangka piwalesipun (tebusanipun)[535]. Kados makaten kita suka piwales dhateng tiyang ingkang nganiaya".

٧٥. قَالُوا جَزَاؤُهُ مَن وُجِدَ فِي رَحْلِهِ فَهُوَ جَزَاؤُهُ كَذَٰلِكَ نَجْزِي الظَّالِمِينَ ۝

Qaaluu jazaa-uhuu maw wujida fii rahlihii fahuwa jazaa-uh, kadzaalika najzizhzhaalimiin.

76. Nuli mriksa wadhahe wong-wong iku luwih dhisik sadurunge mriksa wadhahe sadulure, Bunyamin. Banjur tuwung kang ilang mau diwetokake saka wadhahe sadulure Yusuf. Kaya mangkono Ingsun paring paeka marang Yusuf, supaya sadulure, Bunyamin ora melu mulih karo wong-wong mau. Ora pisan-pisan Yusuf arep nahan sadulure nganggo tata hukumane Raja. Satemene tatanan mau lugu amung jalaran saka karsane Allah.

٧٦. فَبَدَأَ بِأَوْعِيَتِهِمْ قَبْلَ وِعَاءِ أَخِيهِ ثُمَّ اسْتَخْرَجَهَا مِن وِعَاءِ أَخِيهِ ۚ كَذَٰلِكَ كِدْنَا لِيُوسُفَ ۖ مَا كَانَ لِيَأْخُذَ أَخَاهُ فِي دِينِ الْمَلِكِ إِلَّا أَن يَشَاءَ اللَّهُ ۚ نَرْفَعُ دَرَجَاتٍ مَّن نَّشَاءُ ۗ وَفَوْقَ كُلِّ ذِي عِلْمٍ عَلِيمٌ ۝

535). Miturut syari'atipun Nabi Ya'qub a.s. sintena mandung hukuman (tebusanipun) dipun dadosaken batur-tukon setahun.

Ingsun ngluhurake drajat-drajate wong kang dadi kaparengIngsun, lan saben-saben kang duwe 'ilmu, ana kang ngungkuli 'ilmu sadhuwure!".

Fabada-a bi-au'iyatihim qabla wi'aa-i akhiihi tsummas-takhrajahaa miw wi'aa-i akhiih, kadzaalika kidnaa liyuusuf, maa kaana liya'khudza akhaahu fii diinil maliki illaa ay yasyaa-allaah, narfa'u darajaatim mannasyaa', wa fauqa kulli dzii 'ilmin 'aliim.

77. Sadulure Yusuf padha celathu: "Manawa dheweke, Bunyamin bener kang maling, pantes sadulure biyen uga maling!". Sawuse para sadulure Yusuf ngucap mangkono, Yusuf ngunandika ana ing sajeroning atine, ora dikatonake marang wong-wong mau: "Bener sira kabeh kang luwih ala lakune; lan Allah kang luwih uninga ing kabeh kang padha sira tindakake!".

٧٧. قَالُوٓا۟ إِن يَسْرِقْ فَقَدْ سَرَقَ أَخٌ لَّهُۥ مِن قَبْلُ ۚ فَأَسَرَّهَا يُوسُفُ فِى نَفْسِهِۦ وَلَمْ يُبْدِهَا لَهُمْ ۚ قَالَ أَنتُمْ شَرٌّ مَّكَانًا ۖ وَٱللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا تَصِفُونَ ۝

Qaaluu iy yasyriq faqad saraqa akhul lahuu min qabl, fa-asarrahaa yuusufu fii nafsihii walam yubdihaa lahum, qaala antum syarrum makaanaa, wallahu a'lamu bimaa tashifuun.

78. Wong-wong mau padha matur maneh: "Dhuh ingkang minulya! Saleresipun Bunyamin punika taksih kagungan Rama sampun sepuh. Jalaran saking punika, mugi panjenengan mundhut salah satunggal saking kula sadaya kangge gentosipun. Saestunipun kula mangertos, bilih panjenengan punika golonganipun tetiyang ingkang damel sae!".

٧٨. قَالُوا۟ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْعَزِيزُ إِنَّ لَهُۥٓ أَبًا شَيْخًا كَبِيرًا فَخُذْ أَحَدَنَا مَكَانَهُۥٓ ۖ إِنَّا نَرَىٰكَ مِنَ ٱلْمُحْسِنِينَ ۝

Qaaluu yaa ayyuhal 'aziizu inna lahuu aban syaikhan kabiiran fakhudz ahadanaa makaanahuu innaa naraaka minal muhsiniin.

79. Yusuf mangsuli maneh: "Aku nyuwun reksa marang ngarsaning Allah, yen aku ora nahan kajaba wong kang kanggonan barang-barangku, jalaran manawa aku nahan liyane, temen aku wong kang nganiaya".

٧٩. قَالَ مَعَاذَ ٱللَّهِ أَن نَّأْخُذَ إِلَّا مَن وَجَدْنَا مَتَٰعَنَا عِندَهُۥٓ ۖ إِنَّآ إِذًا لَّظَٰلِمُونَ ۝

Qaala ma'aadzallaahi anna'khudza illaa maw wajadnaa mataa'anaa 'indahuu innaa idzal lazhaalimuun.

80. Sawuse wong-wong mau nglokro saka Yusuf, nuli padha nganakake rerembugan dhewekan. Antarane para sadulure kang pinter, celathu mangkene: "Apa sira ora sumurup, yen satemene Ramanira wus ngangkat parjanjiyan kang nganggo sumpah demi Allah, lan apa sira ora eling, manawa kita biyen wus cidra ing perkarane Yusuf? Jalaran saka iku, aku ora arep ninggalake Mesir iki, kajaba Rama wus ngidzini akon mulih, utawa nganti Allah ngukumi marang aku, dene PanjenengaNe iku becik-becike kang ngukumi".

٨٠. فَلَمَّا ٱسْتَيْـَٔسُوا۟ مِنْهُ خَلَصُوا۟ نَجِيًّا ۖ قَالَ كَبِيرُهُمْ أَلَمْ تَعْلَمُوٓا۟ أَنَّ أَبَاكُمْ قَدْ أَخَذَ عَلَيْكُم مَّوْثِقًا مِّنَ ٱللَّهِ وَمِن قَبْلُ مَا فَرَّطتُّمُونِى فِى يُوسُفَ ۖ فَلَنْ أَبْرَحَ ٱلْأَرْضَ حَتَّىٰ يَأْذَنَ لِىٓ أَبِىٓ أَوْ يَحْكُمَ ٱللَّهُ لِى ۖ وَهُوَ خَيْرُ ٱلْحَٰكِمِينَ ۝

Falammas tai-asuu minhu khalashuu najiyyaa, qaala kabiiruhum alam ta'lamuu anna abaakum qad akhadza 'alaikum mautsiqam minallaahi wa min qablu maa farraththum fii yuusuf, falan ab-

rahal ardha hattaa ya'dzana lii abii au yahkumallaahu lii, wahuwa khairul haakimiin.

81. Sira padha balia marang Ramanira, sarta matura: "Dhuh Rama! Saestunipun putra jengandika, pun Bunyamin, sampun mendhet tuwungipun Raja; lan kula sadaya boten nyekseni, kajawi ingkang kita mangertosi kemawon, sarta kita sanes ingkang mangertos perkawis ghaib".

٨١. اِرْجِعُوْٓا اِلٰٓى اَبِيْكُمْ فَقُوْلُوْا يٰٓاَبَانَآ اِنَّ ابْنَكَ سَرَقَ ۚ وَمَا شَهِدْنَآ اِلَّا بِمَا عَلِمْنَا وَمَا كُنَّا لِلْغَيْبِ حٰفِظِيْنَ ۝

Irji'uu ilaa abiikum faquuluu yaa abaanaa innabnaka saraqa wamaa syahidnaa illaa bimaa 'alimnaa wamaa kunnaa lilghaibi haafizhiin.

82. "Mangga karsoa pitaken dhateng tetiyang dhusun, ingkang kita enggeni ing Mesir, tuwin dhateng kafilah ingkang kula sesarengan bidhalan, sarta sayektosipun kula sadaya sami temen".

٨٢. وَسْـَٔلِ الْقَرْيَةَ الَّتِيْ كُنَّا فِيْهَا وَالْعِيْرَ الَّتِيْٓ اَقْبَلْنَا فِيْهَا ۗ وَاِنَّا لَصٰدِقُوْنَ ۝

Was-alil qaryatallatii kunnaa fiihaa wal-'iirallatii aqbalnaa fiihaa, wa innaa lashaadiquun.

83. Ya'qub mangsuli: "Wah sanyata nafsu-nafsunira wus mepaes ing sira nindakake perkara kang gedhe. Dadi aku wajib sabar, iku kang becik, muga-muga Allah nekakake dheweke iku kabeh marang aku. Sanyata PanjenengaNe iku Maha Ngawuningani, tur Maha Wicaksana".

٨٣. قَالَ بَلْ سَوَّلَتْ لَكُمْ اَنْفُسُكُمْ اَمْرًا ۗ فَصَبْرٌ جَمِيْلٌ ۗ عَسَى اللّٰهُ اَنْ يَّاْتِيَنِيْ بِهِمْ جَمِيْعًا ۗ اِنَّهٗ هُوَ الْعَلِيْمُ الْحَكِيْمُ ۝

Qaala bal sawwalat lakum anfusukum amraa, fashabrun jamiil, 'asallaahu ay ya'tiyanii bihim jamii'aa, innahuu huwal 'aliimul hakiim.

84. Lan Ya'qub ngungkurake anek-anake, kanthi ngendika: "Dhuh susah timen olehku mrihatinake marang Yusuf".Lan paningale Ya'qub loro dadi putih (wuta), jalaran saka bangete prihatin, akeh ngetokake eluh, lan dheweke banget prihatine nanging ditahan.

٨٤. وَتَوَلّٰى عَنْهُمْ وَقَالَ يٰٓاَسَفٰى عَلٰى يُوْسُفَ وَابْيَضَّتْ عَيْنٰهُ مِنَ الْحُزْنِ فَهُوَ كَظِيْمٌ ۝

Watawallaa 'anhum wa qaala yaa asafaa 'alaa yuusufa wabyadh-dhat 'ainaahu minal huzni fahuwa kazhiim.

85. Anak-anake padha matur: "Demi Allah, panjenengan punika boten kendhat-kendhat nyebut Yusuf kemawon, ngantos panjenengan gerah, utawi panjenengan dados golonganipun tetiyang ingkang risak saliranipun".

٨٥. قَالُوْا تَاللّٰهِ تَفْتَؤُا تَذْكُرُ يُوْسُفَ حَتّٰى تَكُوْنَ حَرَضًا اَوْ تَكُوْنَ مِنَ الْهٰلِكِيْنَ ۝

Qaaluu tallaahi tafta-uu tadzkuru yuusufa hattaa takuuna haradhan au takuuna minal haalikiin.

86. Ya'qub ngendika: "Satemene ora ana liya aku ngunjukake bangeting prihatin, lan kasusahanku kajaba mung marang Allah pribadi, lan aku sumurup saka ngarsane Allah perkara kang sira ora padha sumurup.

٨٦. قَالَ إِنَّمَآ أَشْكُوا۟ بَثِّى وَحُزْنِىٓ إِلَى ٱللَّهِ وَأَعْلَمُ مِنَ ٱللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ۝

Qaala innamaa asykuu batstsii wa huznii ilallaahi wa a'lamu minallaahi maa laa ta'lamuun.

87. He anak-anakku! Sira padha budhala, nuli golekana lan nitiya Yusuf lan sadulure, lan sira aja padha nglokro saka kanugrahaning Allah, jalaran ora ana kang nglokro saka kanugahaning Allah, kajaba kaum-kaum kang padha kafir!".

٨٧. يَٰبَنِىَّ ٱذْهَبُوا۟ فَتَحَسَّسُوا۟ مِن يُوسُفَ وَأَخِيهِ وَلَا تَا۟يْـَٔسُوا۟ مِن رَّوْحِ ٱللَّهِ ۖ إِنَّهُۥ لَا يَا۟يْـَٔسُ مِن رَّوْحِ ٱللَّهِ إِلَّا ٱلْقَوْمُ ٱلْكَٰفِرُونَ ۝

Yaa baniyyadz-habuu fatahassasuu miy yuusufa wa akhiihi walaa tai-asuu mir-rauhillaah, innahuu laa yai-asu mir rau-hillaahi illal qaumul kaafiruun.

88. Bareng wong-wong mau padha nga-dhep Yusuf maneh, nuli matur: "Dhuh ing-kang minulya! Kula saahli sadaya, pinuju ketaman kasisahan ingkang sanget, sarta sapunika kula sowan panjenengan kalayan ambekta arta mboten ambejaji. Jalaran pu-nika, mugi karsoa maringi tempuran kangge kula, tuwin mugi panjenengan karsa paring sih sedhekah dhateng kula. Sayektosipun Allah tamtu paring ganjaran dhumateng sa-daya tiyang ingkang sedhekah!".

٨٨. فَلَمَّا دَخَلُوا۟ عَلَيْهِ قَالُوا۟ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْعَزِيزُ مَسَّنَا وَأَهْلَنَا ٱلضُّرُّ وَجِئْنَا بِبِضَٰعَةٍ مُّزْجَىٰةٍ فَأَوْفِ لَنَا ٱلْكَيْلَ وَتَصَدَّقْ عَلَيْنَآ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ يَجْزِى ٱلْمُتَصَدِّقِينَ ۝

Fa'alammaa dakhaluu 'alaihi qaaluu yaa ayyuhal 'aziizu massanaa wa ahlanadh-dhurru wa ji'naa bibidhaa'atim muzjaa-tin fa-aufi lanal kaila watashaddaq 'a-lainaa, innallaaha yajzil mutashaddiqiin.

89. Yusuf mangsuli: "Apa sira padha eling ing perkara kang wus sira tindakake marang Yusuf, lan sadulure, ing nalika sira ora mangerti akibat tumindakira?".

٨٩. قَالَ هَلْ عَلِمْتُم مَّا فَعَلْتُم بِيُوسُفَ وَأَخِيهِ إِذْ أَنتُمْ جَٰهِلُونَ ۝

Qaala hal 'alimtum maa fa'altum biyuu-sufa wa akhiihi idz antum jaahiluun.

90. Wong-wong mau matur: "Punapa pan-jenengan Yusuf?". Wangsulane: "Bener aku Yusuf, lan iki Bunyamin sadulurku! Sanyata Allah wus paring kanugrahan marang aku sakaloron, satemene sapa wonge kang taqwa lan sabar, yekti Allah ora ngilang-ngilangake ganjarane wong-wong kang tumindak be-cik!".

٩٠. قَالُوٓا۟ أَءِنَّكَ لَأَنتَ يُوسُفُ ۖ قَالَ أَنَا۠ يُوسُفُ وَهَٰذَآ أَخِى ۖ قَدْ مَنَّ ٱللَّهُ عَلَيْنَا ۖ إِنَّهُۥ مَن يَتَّقِ وَيَصْبِرْ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ ٱلْمُحْسِنِينَ ۝

Qaaluu a-innaka la-anta yuusuf, qaala ana yuusufu wa haadzaa akhii, qad mannallaahu 'alainaa, innahuu may yat-taqi wa yashbir fa-innallaaha laa yu-dhii'u ajral muhsiniin.

91. Wong-wong mau matur maneh: "Demi Allah, yektos Gusti Allah sampun ngangkat martabat panjenengan nglangkungi kula, saestu lelampahan kula sadaya punika yektos lepat".

٩١. قَالُوا تَاللّٰهِ لَقَدْ اٰثَرَكَ اللّٰهُ عَلَيْنَا وَاِنْ كُنَّا لَخٰطِـِٕيْنَ ۝

Qaaluu tallaahi laqad aatsarakallaahu 'alainaa wa-in kunnaa lakhaathi-iin.

92. Yusuf mangsuli: "Ora dadi apa tumrap sira kabeh ing dina iki. Muga-muga Allah paring pangaksama marang sira kabeh, lan PanjenengaNe iku luwih asih-asihe kang Asih!".

٩٢. قَالَ لَا تَثْرِيْبَ عَلَيْكُمُ الْيَوْمَ ۗ يَغْفِرُ اللّٰهُ لَكُمْ ۖ وَهُوَ اَرْحَمُ الرّٰحِمِيْنَ ۝

Qaala laa tatsriiba 'alaikumul yaum, yaghfirullaahu lakum wa huwa arhamurraahimiin.

93. "Saiki sira padha muliha, karo nggawa klambiku iki, nuli tutupna marang wedanane Rama! Ing kono yekti paningale bakal waluya, lan sira padha mreneya maneh kalawan ahli-ahlinira kabeh!".

٩٣. اِذْهَبُوْا بِقَمِيْصِيْ هٰذَا فَاَلْقُوْهُ عَلٰى وَجْهِ اَبِيْ يَاْتِ بَصِيْرًا ۚ وَاْتُوْنِيْ بِاَهْلِكُمْ اَجْمَعِيْنَ ۝

Idzhabuu biqamishii haadzaa fa-alquuhu 'alaa wajhi abiii ya'ti bashiiraa, wa'tuunii bi-ahlikum ajma'iin.

Nabi Yusuf a.s. katemu maneh kalawan wong tuwane loro.

94. Sawuse untan-untan mau budhal saka Negara Mesir arep mulih, Ramane, Ya'qub, ngandika marang putra-wayahe lan liyane: "Satemene aku wus mambu ambune Yusuf. Saupama sira ora nganggep marang aku kurang elingan, jalaran pikun, yekti sira padha percaya!".

٩٤. وَلَمَّا فَصَلَتِ الْعِيْرُ قَالَ اَبُوْهُمْ اِنِّيْ لَاَجِدُ رِيْحَ يُوْسُفَ لَوْلَآ اَنْ تُفَنِّدُوْنِ ۝

Walammaa fashalatil 'iiru qaala abuuhum innii la-ajidu riiha yuusufa lau laa an tufanniduun.

95. Putra-wayahe lan liyane padha matur: "Sayektosipun panjenengan ngandika makaten wau, estu taksih wonten ing kaklentunan ingkang rumiyin!".

٩٥. قَالُوْا تَاللّٰهِ اِنَّكَ لَفِيْ ضَلٰلِكَ الْقَدِيْمِ ۝

Qaaluu tallaahi innaka lafii dhalaalikal qadiim.

96. Bareng wus teka kang anggawa pawarta bebungah, sarta klambine Yusuf katutupake ing wadanane Ya'qub, sakala banjur dadi pirsa kaya mau-maune. Ya'qub nuli ngandika :"Apa aku ora wus ngucap marang sira, yen satemene aku ngerti saka Allah ing perkara kang sira ora padha ngerti?".

٩٦. فَلَمَّآ اَنْ جَآءَ الْبَشِيْرُ اَلْقٰىهُ عَلٰى وَجْهِهٖ فَارْتَدَّ بَصِيْرًا ۚ قَالَ اَلَمْ اَقُلْ لَّكُمْ ۚ اِنِّيْٓ اَعْلَمُ مِنَ اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ۝

Falammaa an jaa-al basyiiru alqaahu 'alaa wajhihii fartadda bashiiraa, qaala alam aqul lakum, innii a'lamu minallaahi maa laa ta'lamuun.

97. Putra-putrane padha matur: "Dhuh Rama! Mugi Rama nyuwunaken pangapunten tumrap kula sadaya saking dosa-dosa kula sadaya, jalaran saestunipun kula sadaya punika sampun sami nglampahi kalepatan!".

٩٧. قَالُوا يَا أَبَانَا اسْتَغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا إِنَّا كُنَّا خَاطِئِينَ ۝

Qaaluu yaa abaanas-taghfir lanaa dzunuubanaa innaa kunnaa khaathi-iin.

98. Ya'qub mangsuli: "Aku arep nyuwunake pangapura marang ngarsaning Pangeran tumrap kaluputanira kabeh. Satemene PanjenengaNe iku Maha Ngapura tur Maha Asih!".

٩٨. قَالَ سَوْفَ أَسْتَغْفِرُ لَكُمْ رَبِّي ۖ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ۝

Qaala saufa astaghfiru lakum rabbii, innahuu huwal ghafuurur rahiim.

99. Sawuse wong-wong mau teka maneh marang Mesir sowan marang Yusuf, Yusuf nuli nglenggahake Ramane Ya'qub lan Ibune kuwalon, kumpul karo dheweke, Yusuf nuli ngandika: "Sira kabeh padha mlebua ing Negara Mesir, insya Allah sira padha aman!".

٩٩. فَلَمَّا دَخَلُوا عَلَىٰ يُوسُفَ آوَىٰ إِلَيْهِ أَبَوَيْهِ وَقَالَ ادْخُلُوا مِصْرَ إِنْ شَاءَ اللَّهُ آمِنِينَ ۝

Falammaa dakhaluu 'alaa yuusufa aawaa ilaihi abawaihi wa qaalad-khuluu mishra insyaa-allaahu aaminiin.

100. Yusuf nuli mindhahake Rama-Ibune, kalenggahake ana ing papan kang dhuwur, kabeh padha kurmat nungkulake sirah marang Yusuf, sarta waktu iku Yusuf matur: "Dhuh Rama! Lah punika 'ibaratipun supenan kawula rumiyin punika, ingkang nyata sampun kadadosaken dening Pangeran kawula supenan ingkang leres. Sarta Panjenenganipun sampun ngedalaken kawula saking pakunjaran, sarta Panjenenganipun sampun andhatengaken Rama tuwin Ibu, sarta sakulawarga saking dusun, sasampunipun kawula lan para sadherek kawula karisak dening syetan. Sayektosipun Pangeran kawula punika Maha Welas dhateng sinten kemawon ingkang dados kaparenging karsanipun. Saestu Panjenenganipun punika Maha Ngawuningani tur Maha Wicaksana".

١٠٠. وَرَفَعَ أَبَوَيْهِ عَلَى الْعَرْشِ وَخَرُّوا لَهُ سُجَّدًا ۖ وَقَالَ يَا أَبَتِ هَٰذَا تَأْوِيلُ رُؤْيَايَ مِنْ قَبْلُ قَدْ جَعَلَهَا رَبِّي حَقًّا ۖ وَقَدْ أَحْسَنَ بِي إِذْ أَخْرَجَنِي مِنَ السِّجْنِ وَجَاءَ بِكُمْ مِنَ الْبَدْوِ مِنْ بَعْدِ أَنْ نَزَغَ الشَّيْطَانُ بَيْنِي وَبَيْنَ إِخْوَتِي ۚ إِنَّ رَبِّي لَطِيفٌ لِمَا يَشَاءُ ۚ إِنَّهُ هُوَ الْعَلِيمُ الْحَكِيمُ ۝

Wa rafa'a abawaihi 'alal 'arsyi wa kharruu lahuu sujjadaa, wa qaala yaa abati haadzaa ta'wiilu ru'yaaya min qablu qad ja'alahaa rabbii haqqaa, waqad ahsana bii idz akhrajanii minas sijni wa jaa-a bikum minal badwi mim ba'di an nazaghasy syaithaanu bainii wa baina ikhwatii, inna rabbii lathiiful limaa yasyaa', innahuu huwal 'aliimul hakiim.

Do'a panuwune Yusuf a.s.

101. Yusuf munjuk: "Dhuh Pangeran kawula! Sayektosipun Paduka sampun paring kakuwasan dhateng kawula, sarta Paduka sampun paring pangertosan dhateng kawula ing 'ibarating supenan. Dhuh Pangeran ingkang nitahaken Langit lan Bumi! Paduka Bandara kawula wonten ing Donya tuwin Akherat! Mugi Paduka mejahi kawula wonten ing salebeting sumarah dhumateng Paduka, sarta mugi kawula kapanggihaken dhateng para kawula ingkang sami shaleh".

١٠١. رَبِّ قَدْ اٰتَيْتَنِيْ مِنَ الْمُلْكِ وَعَلَّمْتَنِيْ مِنْ تَأْوِيْلِ
الْاَحَادِيْثِ ۚ فَاطِرَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ اَنْتَ وَلِيّٖ فِى
الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ ۚ تَوَفَّنِيْ مُسْلِمًا وَّاَلْحِقْنِيْ بِالصّٰلِحِيْنَ ۝

Rabbi qad aataitanii minal mulki wa 'allamtanii min ta'wiilil ahaadiits, faathris samaawaati wal ardh, anta waliyyii fid-dunyaa wal aakhirah, tawaffanii muslimaw wa-alhiqnii bishshaalihiin.

Piwulang saka caritane Yusuf a.s.

102. "Lan iku sawenehe khabar - khabar ghaib kang wus Ingsun wahyokake marang sira Muhammad, sarta sira ora hadlir kalawan para sadulure Yusuf, nalika dheweke padha rerembugan arep ngreka daya nyemplungake Yusuf ana ing sumur"

١٠٢. ذٰلِكَ مِنْ اَنْۢبَآءِ الْغَيْبِ نُوْحِيْهِ اِلَيْكَ ۚ وَمَا كُنْتَ
لَدَيْهِمْ اِذْ اَجْمَعُوْٓا اَمْرَهُمْ وَهُمْ يَمْكُرُوْنَ ۝

Dzaalika min ambaa-il ghaibi nuuhiihi ilaik, wamaa kunta ladaihim idz ajma'uu amrahum wahum yamkuruun.

103. Lan akeh-akehe manungsa iku ora gelem iman, sanajan sira Muhammad ngetohake kakuwatan uga!

١٠٣. وَمَآ اَكْثَرُ النَّاسِ وَلَوْ حَرَصْتَ بِمُؤْمِنِيْنَ ۝

Wamaa aktsarun naasi walau harashta bimu'miniin.

104. Lan sira Muhammad ora pisan-pisan anjaluk pituwas marang wong-wong mau, anggonira aweh pepeling, ora ana liya Quraan iki kajaba pepeling tumrap 'alam jagad pramudita!

١٠٤. وَمَا تَسْـَٔلُهُمْ عَلَيْهِ مِنْ اَجْرٍ ۗ اِنْ هُوَ اِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعٰلَمِيْنَ ۝ ع

Wamaa tas-aluhum 'alaihi min ajr, in huwa illaa dzikrul lil'aalamiin.

105. Lan wus pirang-pirang tandha-yekti ka-Esa-ane Allah lan KakuwasaNe, ana ing Langit-langit lan Bumi, kang padha diliwati sarta disekseni dening wong-wong mau, nanging dheweke padha mlengos saka tandha-yekti mau.

١٠٥. وَكَاَيِّنْ مِّنْ اٰيَةٍ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ يَمُرُّوْنَ عَلَيْهَا
وَهُمْ عَنْهَا مُعْرِضُوْنَ ۝

Waka-ayyim min aayatin fis-samaawaati wal ardhi yamurruuna 'alaihaa wahum 'anhaa mu'ridhuun.

106. Lan akeh-akehe wong iku ora iman marang Allah, nanging padha musyrik.

١٠٦. وَمَا يُؤْمِنُ اَكْثَرُهُمْ بِاللّٰهِ اِلَّا وَهُمْ مُّشْرِكُوْنَ ۝

Wamaa yu'minu aktsaruhum billaahi illaa wahum musyrikuun.

107. Apa wong-wong mau rumangsa aman saka bakal tekane siksane Allah kang namani ing dheweke, utawa dina Qiyamat teka marang dheweke kalawan dadakan, ora padha rasa-rumangsa tekane?

١٠٧. أَفَأَمِنُوٓا۟ أَن تَأْتِيَهُمْ غَٰشِيَةٌ مِّنْ عَذَابِ ٱللَّهِ أَوْ تَأْتِيَهُمُ ٱلسَّاعَةُ بَغْتَةً وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ۝

Afa-aminuu an ta'tiyahum ghaasyiyatum min 'adzaabillaahi au ta'tiyahumus saa'atu baghtataw wahum laa yasy'uruun.

108. Dhawuha sira Muhammad!: "Agamane Nabi Ibrahim iku Agamaku, aku lan wong-wong kang andherek aku ngajak marang tauhid lan iman marang Allah kalawan hujah kang pratela. Maha Suci Allah, lan aku dudu golongane wong-wong kang padha musyrik".

١٠٨. قُلْ هَٰذِهِۦ سَبِيلِىٓ أَدْعُوٓا۟ إِلَى ٱللَّهِ ۚ عَلَىٰ بَصِيرَةٍ أَنَا۠ وَمَنِ ٱتَّبَعَنِى ۖ وَسُبْحَٰنَ ٱللَّهِ وَمَآ أَنَا۠ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ۝

Qul haadzihii sabiilii ud'uu ilallaah, 'alaa bashiiratin ana wa manittaba'anii, wa subhaanallaahi wamaa ana minal musyrikiin.

109. Lan Ingsun ora ngutus sadurungira Muhammad, kajaba wong-wong lanang saka Nagara-nagara kang Ingsun paringi wahyu. Apa wong-wong kafir mau ora padha lumaku ana ing Bumi, nuli ndeleng kapriye wekasane kaum-kaum kang padha mungkir, sadurunge dheweke biyen? Lan Nagara Akherat iku yekti luwih becik tumrap wong-wong kang wedi marang Allah, apa sira ora padha mangerti?

١٠٩. وَمَآ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ إِلَّا رِجَالًا نُّوحِىٓ إِلَيْهِم مِّنْ أَهْلِ ٱلْقُرَىٰٓ ۗ أَفَلَمْ يَسِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ فَيَنظُرُوا۟ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۗ وَلَدَارُ ٱلْءَاخِرَةِ خَيْرٌ لِّلَّذِينَ ٱتَّقَوْا۟ ۗ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

Wamaa arsalnaa min qablika illaa rijaalan nuuhii ilaihim min ahlil quraa, afalam yasiiruu fil ardhi fayanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul ladziina min qablihim, waladaarul aakhirati khairul lilladziinat taqau, afalaa ta'qiluun.

110. Bareng wus tekan mangsane para Utusan padha nglokro saka kaum-kaume anggone padha gelem iman, sarta wus yakin yen dheweke padha dipaido dening kaum-kaume, nuli teka marang para Utusan mau pitulung saka ngarsanIngsun, lan ora bisa ditolak siksanIngsun saka kaum-kaum kang padha dosa.

١١٠. حَتَّىٰٓ إِذَا ٱسْتَيْـَٔسَ ٱلرُّسُلُ وَظَنُّوٓا۟ أَنَّهُمْ قَدْ كُذِبُوا۟ جَآءَهُمْ نَصْرُنَا فَنُجِّىَ مَن نَّشَآءُ ۖ وَلَا يُرَدُّ بَأْسُنَا عَنِ ٱلْقَوْمِ ٱلْمُجْرِمِينَ ۝

Hattaa idzas tai-asar rusulu wa zhannuu annahum qad kudzibuu jaa-ahum nashrunaa fanujjiya man nasyaa', walaa yuraddu ba'sunaa 'anil qaumil mujrimiin.

111. Satemene ana ing caritane para Utusan iku, dadi 'ibarat tumrap wong-wong kang duwe (migunakake) 'akal. Kaanane Quraan iku dudu carita goroh-gorohan, ananging ambenerake Kitab kang sadurunge, lan Quraan iku nerangake sakabehing perkara, dadi pituduh sarta rahmat tumrap kaum-kaum kang padha iman.

***)

١١١ - لَقَدْ كَانَ فِي قَصَصِهِمْ عِبْرَةٌ لِّأُولِي الْأَلْبَابِ ۗ مَا
كَانَ حَدِيثًا يُفْتَرَىٰ وَلَٰكِن تَصْدِيقَ الَّذِي بَيْنَ
يَدَيْهِ وَتَفْصِيلَ كُلِّ شَيْءٍ وَهُدًى وَرَحْمَةً
لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ۝

Laqad kaana fii qashashihim 'ibratul li-ulil albaab, maa kaana hadiitsay yuftaraa walaakin tashdiiqal ladzii baina yadaihi wa tafshiila kulli syai-iw wa hudaw wa rahmatal liqaumiy yu'minuun.

***). Comparative Study of Quran utawi pasinaon tandhingan antawisipun Surat Yusuf kalayan Surat Ar Ra'd ing antawisipun makaten kateranganipun :

1. Ing surat Yusuf tandha yekti ka-Esa-anipun Allah (piwulang Tauhid) katerangaken sacara umum ingkang gumelar ing Langit lan Bumi, dene manawi wonten ing surat Ar Ra'd kateranganipun langkung gamblang malih.
2. Wonten akhir surat Yusuf kabeberaken sarana tinarbuka cetha wela-wela, bilih Quraan punika dhawuh lan pepacuh ingkang dipun damel-damel punika boten, ananging Quraan punika Pitedah lan Rahmat kagem para Mukminin sadaya, sarta katerangan wau dipun wangsuli malih ing akhir surat Ar Ra'd.
3. Ing surat Yusuf lan surat Ar Ra'd sami-sami anjlentrehaken tindak dalem para andika Nabi sarta Umatipun, ingkang kathah sanget tepa-palupi tumraping kita Umat Muhammad s.a.w.

AR RA'D (GLUDHUG)

Surat kaping 13 : 43 Ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, 43 ayat.
Tumurun sawuse Surat Muhammad

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kabenerane Al Quraan, lan tandha yekti kakuwasaning Allah, sarta 'Ilmu-Ne kang Sampurna!

1. Alif Laam Miim Ra. (Hamung Allah pribadi ingkang priksa maksude). Ayat-ayat surat iki, hiya ayat-ayat Quraan kang sampurna, lan Quraan iku temen diturunake saka ngarsaNe Pangeranira Muhammad, nanging akeh-akehe wong-wong iku ora iman.

١ - الٓمّٓرٰ ۚ تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ ۗ وَالَّذِيْٓ اُنْزِلَ اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ الْحَقُّ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يُؤْمِنُوْنَ ٥

Alif Laam Miim Raa; tilka aayaatul kitaab, walladzii unzila ilaika mir rabbikal haqqu walaakinna aktsarannaasi laa yu'minuun.

2. Allah kang wus nitahake Langit ana ing sadhuwuring Bumi, kang sira deleng tanpa cagak. PanjenengaNe nuli karsa nitahake 'Arsy, sarta PanjenengaNe nglakokake Srengenge lan Rembulan, kanggo kamanfa'te kawulaNe, kabeh padha lumaku miturut mangsa kang katamtokake. Allah kang ngurusi kabeh 'alam, sarta PanjenengaNe martelakake tandha yekti kang nuduhake Kasampurnaan-KakuwasaaNe, muga-muga sira kabeh yakin bakal sowan marang ngarsane Pangeranira!

٢ - اَللّٰهُ الَّذِيْ رَفَعَ السَّمٰوٰتِ بِغَيْرِ عَمَدٍ تَرَوْنَهَا ثُمَّ اسْتَوٰى عَلَى الْعَرْشِ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ۗ كُلٌّ يَّجْرِيْ لِاَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ يُدَبِّرُ الْاَمْرَ يُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ لَعَلَّكُمْ بِلِقَآءِ رَبِّكُمْ تُوْقِنُوْنَ ٥

Allaahul ladzii rafa'as samaawaati bighairi 'amadin taraunahaa tsummas-tawaa 'alal 'arsyi wa sakhkharasy syamsa walqamar, kulluy yajrii li-ajalim musammaa, yudabbirul amra yufashshilul aayaati la'allakum biliqaa-i rabbikum tuuqinuun.

3. Lan PanjenengaNe kang wus anjereng Bumi lan nitahake Gunung-gunung sarta Kali-kali ana ing Bumi iku. Lan PanjenengaNe andamel ana ing Bumi sawarnaning woh-

٣ - وَهُوَ الَّذِيْ مَدَّ الْاَرْضَ وَجَعَلَ فِيْهَا رَوَاسِيَ وَاَنْهٰرًا ۗ وَمِنْ كُلِّ الثَّمَرٰتِ جَعَلَ فِيْهَا زَوْجَيْنِ اثْنَيْنِ

wohan padha jejodhohan. PanjenengaNe kang nutupake wengi marang rina. Satemene kang mangkono iku temen dadi tandha yekti tumrap kaum-kaum kang padha gelem mikir.[536]

يُغْشِي الَّيْلَ النَّهَارَ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ۝

Wahuwal ladzii shaddal ardha wa ja'ala fiihaa rawaasiya wa anhaaraa, wa min kullits tsamaraati ja'ala fiihaa zaujainitsnaini yughsyil lailan nahaar, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yatafakkaruun.

4. Lan ana ing Bumi iku ana panggonan kang beda-beda kahanan watake, yaitu sawenehe ana kang loh, lan sawenehe maneh ana kang cengkar, ing mangka mung sisih-sisihan.[537] Lan sapirang-pirang kebon anggur, sawah-sawah, lan wit-witan korma, kang cawang lan kang ora cawang, disiram nganggo banyu siji, banyu udan utawa kali; lan Ingsun ngluwihake rasa sawenehe woh-wohan ngungkuli sawenehe liyane. Satemene kang mangkono mau temen dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang duwe 'akal.

٤ . وَفِي الْأَرْضِ قِطَعٌ مُّتَجَاوِرَاتٌ وَجَنَّاتٌ مِّنْ أَعْنَابٍ وَزَرْعٌ وَنَخِيلٌ صِنْوَانٌ وَغَيْرُ صِنْوَانٍ يُسْقَىٰ بِمَاءٍ وَاحِدٍ ۖ وَنُفَضِّلُ بَعْضَهَا عَلَىٰ بَعْضٍ فِي الْأُكُلِ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ۝

Wa fil-ardhi qitha'um mutajaawiraatuw wa jannaatum min a'naabiw wa zar'uw wa nakhiilun shinwaanuw wa ghaira shinwaaniy yusqaa bimaa-iw waahid, wa nufadhdhilu ba'dhahaa 'alaa ba'dhin fil ukul, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy ya'qiluun.

5. Lan manawa sira Muhammad gumun marang kamungkirane wong-wong mau, mangka luwih ngeramake maneh ucapane wong-wong mau: "Apa manawa aku kabeh dadi lemah, apa hiya aku kabeh bakal kadadekake makhluk anyar?" Wong-wong kang mangkono mau padha kafir marang Pangerane, lan wong-wong mau kang bakal kablenggu gulu-gulune ana ing dina Qiyamat, lan dheweke bakal dadi isen-isening Naraka kang ana ing kono padha langgeng.

٥ . وَإِن تَعْجَبْ فَعَجَبٌ قَوْلُهُمْ أَإِذَا كُنَّا تُرَابًا أَإِنَّا لَفِي خَلْقٍ جَدِيدٍ ۗ أُولَٰئِكَ الَّذِينَ كَفَرُوا بِرَبِّهِمْ ۖ وَأُولَٰئِكَ الْأَغْلَالُ فِي أَعْنَاقِهِمْ ۖ وَأُولَٰئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ۝

Wa-in ta'jab fa'ajabun qauluhum a-idzaa kunnaa turaaban a-innaa lafii khalqin jadiid, ulaa-ikal ladziina kafaruu birabbihim, wa ulaa-ikal aghlaalu fii a'naaqihim, wa ulaa-ika ash-haabun naari hum fiihaa khaaliduun.

536). Wonten ing teori ilmu botani (tanem-tuwuh) ugi katerangaken wontenipun sungut-sari jaler lan estri, lajeng raos wonten ingkang legi lan pahit, warni ugi wonten ingkang abrit lan pethak, sarta wonten ingkang alit lan ageng.

537). Adhedhasar katerangan Wahyu makaten menggah tumitah lan kawontenanipun Bumi utawi Siti punika ingkang dados sumber panggesanganing manungsa. Hikmah dhawuhing Allah makaten wau ceplosipun ing zaman tehnologi modern anuwuhaken kasadharan ilmiyah ingkang kasebat **"Eco-development"**, artosipun ambangun Negari punika kedah sesarengan mrihatosaken 'alam (peparingipun Gusti Allah) lan sosial (kabudayanipun pakaryaning manungsa). Kados dene wana ingkang dipun gundhuli damel akibat banjir bandhang, erosi, lan siti bera. Makaten ugi sabin pategalan ingkang jeg-jegan dipun tanemi sajenis kemawon, punika badhe kesel lan ngambeg (kados-kados siti gadhah watak kagol!). Dados manungsa boten kenging nguthuh namung ngupadosi dimensi ekonomi kemawon, dimensi sosial wajib dipun prihatosaken ugi, ingkang sapunika kawastanan **dimensi ekologi** (ngitik-itik 'alam wewengkon supados lestantun manfa'at), sabab boten sande ingkang badhe mendhet sadaya dimensi punika titik sentralipun ngladosi utawi nyekapi kapentinganipun manungsa. Pramila manungsa kedah nindakaken **'ibadah sosial**, upami damel (yasa) sekolahan, griya sakit, pesantren, mesjid, musholla, irigasi, toya unjukan, pelabuhan, margi, kreteg, papan olah-raga, lan sanes-sanesipun.

٦ . وَيَسْتَعْجِلُونَكَ بِالسَّيِّئَةِ قَبْلَ الْحَسَنَةِ وَقَدْ خَلَتْ
مِنْ قَبْلِهِمُ الْمَثُلَاتُ وَإِنَّ رَبَّكَ لَذُو مَغْفِرَةٍ لِّلنَّاسِ
عَلَىٰ ظُلْمِهِمْ ۖ وَإِنَّ رَبَّكَ لَشَدِيدُ الْعِقَابِ ٥

Wa yasta'jiluunaka bissayyi-ati qablal hasanati waqad khalat min qablihimul matsulaats, wa inna rabbaka ladzuu maghfiratil linnaasi 'alaa zhulmihim, wa inna rabbaka lasyadiidul 'iqaab.

6. Lan wong-wong mau nyuwun marang sira Muhammad supaya enggal-enggal katurunan siksa, sadurunge anjaluk kabecikan, ing mangka temen wus kalakon tumibane siksa kang kaya iku, marang kaum-kaum sadurunge dheweke. Lan satemene Pangeranira iku yekti kagungan pangapura tumrap para manungsa ing atase panganiayane, lan satemene Pangeranira iku yekti lara banget panyiksane.

٧ . وَيَقُولُ الَّذِينَ كَفَرُوا لَوْلَا أُنزِلَ عَلَيْهِ آيَةٌ مِّن
رَّبِّهِ ۗ إِنَّمَا أَنتَ مُنذِرٌ وَلِكُلِّ قَوْمٍ هَادٍ ٧

Wa yaquulul ladziina kafaruu laulaa unzila 'alaihi aayatum mir-rabbih, innamaa anta mundziruw wa likulli qaumin haad.

7. Wong-wong kafir padha celathu: "Geneya ora diturunake marang Muhammad sawijining ayat tandha yekti Kanabian saka ngarsaning Pangerane?". Satemene sira iku Muhammad, mung dadi juru pepeling, sarta ing saben-saben kaum iku ana wong kang aweh pituduh".

٨ . اللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَحْمِلُ كُلُّ أُنثَىٰ وَمَا تَغِيضُ الْأَرْحَامُ
وَمَا تَزْدَادُ ۖ وَكُلُّ شَيْءٍ عِندَهُ بِمِقْدَارٍ ٨

Allaahu ya'lamu maa tahmilu kullu untsaa wamaa tafiidhul arhaamu wamaa tazdaad, wa kullu syai-in 'indahuu bimiqdaar.

8. Allah Ngawuningani kabeh kang dikandhut dening kabeh wong wadon, lan Ngawuningani kurang lan tambahe (wektune ngandheg) peranakan iku, lan kabeh barang iku mawa katamtuan ana ing ngarsaNe Allah.

٩ . عَالِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ الْكَبِيرُ الْمُتَعَالِ ٩

'Aalimul ghaibi wasysyahaadatil kabiirul muta'aal.

9. Kang Ngawuningani sakehe kang ghaib, lan kang kasat mripat, PanjenengaNe kang Maha Agung sarta Maha Luhur.

١٠ . سَوَاءٌ مِّنكُم مَّنْ أَسَرَّ الْقَوْلَ وَمَن جَهَرَ بِهِ وَمَنْ هُوَ
مُسْتَخْفٍ بِاللَّيْلِ وَسَارِبٌ بِالنَّهَارِ ١٠

Sawaa-um minkum man asarral qaula waman jahara bihii waman huwa mustakhfim billaili wa saaribun nahaar.

10. Padha bahe uningaNe Allah marang sira kabeh kang nyidhemake lan kang ngedhengake ucapan, lan marang wong kang umpetan ana ing wayah wengi sarta ngedheng ana ing wayah awan.

Gumregah lan sirnaning Bangsa gumantung tanduk dhasar kaantepane!

١١ . لَهُ مُعَقِّبَاتٌ مِّن بَيْنِ يَدَيْهِ وَمِنْ خَلْفِهِ يَحْفَظُونَهُ
مِنْ أَمْرِ اللَّهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَا يُغَيِّرُ مَا بِقَوْمٍ حَتَّىٰ يُغَيِّرُوا

11. PanjenengaNe kagungan kumpulane Malaikat-malaikat kang gilir gumanti anjaga manungsa saka ngarep sarta buri, kalawan

مَا بِأَنْفُسِهِمْ ۗ وَإِذَا أَرَادَ اللَّهُ بِقَوْمٍ سُوءًا فَلَا مَرَدَّ لَهُ ۚ وَمَا لَهُمْ مِنْ دُونِهِ مِنْ وَالٍ ۝

dhawuhing Allah. Sanyata Allah ora karsa ngowahi kahanane kaum-kaum (bangsa-bangsa) kajaba wong-wong mau ngowahi kahanane dhewe. Lan manawa Allah karsa nyiksa sawijining bangsa, mangka ora ana wong siji-sijiya kang bisa nulak siksaNe, sarta wong-wong mau ora duwe Bandara saliyane PanjenengaNe.

Lahuu mu'aqqibaatum mim baini yadaihi wamin khalfihii yahfazhuunahuu min amrillaah, innallaaha laa yughayyiru maa biqaumin hattaa yughayyiruu maa bianfusihim, wa idzaa araadallaahu biqaumin suu-an falaa maraddalah, wamaa lahum min duunihii miw waal.

Tandha yekti ka—Esa-ane Allah s.w.t.

هُوَ الَّذِي يُرِيكُمُ الْبَرْقَ خَوْفًا وَطَمَعًا وَيُنْشِئُ السَّحَابَ الثِّقَالَ ۝

12. Mung PanjenengaNe pribadi kang meruhake kilat marang sira kabeh kalawan wedi ing beledheg, sarta pangarep-arep ing tumurune udan. Lan mung Panjenengane pribadi kang andamel mendhung angendanu!

Huwal ladzii yuriikumul barqa khaufaw wa thama'aw wa yunsyi-us sahaabats tsiqaal.

وَيُسَبِّحُ الرَّعْدُ بِحَمْدِهِ وَالْمَلَائِكَةُ مِنْ خِيفَتِهِ ۚ وَيُرْسِلُ الصَّوَاعِقَ فَيُصِيبُ بِهَا مَنْ يَشَاءُ وَهُمْ يُجَادِلُونَ فِي اللَّهِ ۚ وَهُوَ شَدِيدُ الْمِحَالِ ۝

13. Lan Malaikat Ra'd (kang tinanggenah ngurusi gludhug-mega) maha nucekake marang Allah sarta memuji marang PanjenengaNe, lan para Malaikat liya-liyane uga padha nucekake lan memuji, jalaran padha wedi marang Allah. Lan Allah anglepasake bledheg kang nyamber kapatrapake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan wong-wong mau pinuju ambantah Agamaning Allah, dene Allah iku luwih banget panyiksaNe.

Wa yusabbihur ra'du bihamdihii wal malaa-ikatu min khiifatih, wa yursilush shawaa'iqa fayushiibu bihaa may yasyaa-u wahum yujaadiluuna fillaah, wahuwa syadiidul mihaal,.

لَهُ دَعْوَةُ الْحَقِّ ۖ وَالَّذِينَ يَدْعُونَ مِنْ دُونِهِ لَا يَسْتَجِيبُونَ لَهُمْ بِشَيْءٍ إِلَّا كَبَاسِطِ كَفَّيْهِ إِلَى الْمَاءِ لِيَبْلُغَ فَاهُ وَمَا هُوَ بِبَالِغِهِ ۚ وَمَا دُعَاءُ الْكَافِرِينَ إِلَّا فِي ضَلَالٍ ۝

14. Mung kagunganing Allah pribadi pangajak kang bener, lan kabeh kang padha dijejaluki dening wong-wong musyrik saka saliyane Allah, ora pisan-pisan bisa ngabulake panjaluke, kajaba amung kaya wong kang ngegarake epek-epeke marang banyu, supaya banyu mau tekan ing cangkeme, nanging banyu iku ora tekan. Lan ora ana panjaluke wong-wong kafir iku, kajaba ana ing kasasar!

Lahuu da'watul-haqq, walladziina yad-'uuna min duunihii laa yastajiibuuna lahum bisyai-in illaa kabaasithi kaffaihi ilal maa-i liyablugha faahu wamaa huwa bibaalighih, wamaa du'aa-ul kaafiriina illaa fii dhalaal.

وَلِلَّهِ يَسْجُدُ مَنْ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ طَوْعًا وَكَرْهًا وَظِلَالُهُمْ بِالْغُدُوِّ وَالْآصَالِ ۝ ۩

15. Lan kabeh makhluk kang ana ing Langit lan Bumi padha sujud marang ngarsane Allah, jalaran kagawa saka andherek utawa kapeksa, lan layangan-layangane uga padha sujud marang Allah, esuk lan sore.

Wa lillaahi yasjudu man fis-samaawaati wal ardhi thau'aw wa karhaw wa zhilaaluhum bil ghuduwwi wal aashaal.

١٦ قُلْ مَنْ رَّبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ قُلِ اللّٰهُ ۭ قُلْ
اَفَاتَّخَذْتُمْ مِّنْ دُوْنِهٖٓ اَوْلِيَاۗءَ لَا يَمْلِكُوْنَ لِاَنْفُسِهِمْ
نَفْعًا وَّلَا ضَرًّا ۭ قُلْ هَلْ يَسْتَوِي الْاَعْمٰى وَالْبَصِيْرُ ۙ
اَمْ هَلْ تَسْتَوِي الظُّلُمٰتُ وَالنُّوْرُ ۚ اَمْ جَعَلُوْا لِلّٰهِ
شُرَكَاۗءَ خَلَقُوْا كَخَلْقِهٖ فَتَشَابَهَ الْخَلْقُ عَلَيْهِمْ ۭ
قُلِ اللّٰهُ خَالِقُ كُلِّ شَيْءٍ وَّهُوَ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ۝

16. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa Pangerane Langit lan Bumi?". Dhawuha sira: "Allah!". Sira dhawuha maneh: "Apa sira ngalap panguwasa-panguwasa saliyane Allah, kang dheweke iku ora bisa aweh manfa'at kanggo awake dhewe? Dhawuha sira Muhammad: "Apa padha wong kang wuta lan kang weruh? Utawa apa padha peteng lan padhang? Utawa apa kang didadekake dening wong-wong mau sakuthoning Allah, wus gawe makhluk kaya makhluke Allah, nuli makhluk mau sarupa marang dheweke?". Dhawuha maneh sira Muhammad: " Allah pribadi kang nitahake kabeh barang sarta PanjenengaNe iku kang Maha Tunggal tur Maha Misesa".

Qul mar rabbus samaawaati wal ardh, Qulillaah, qul afattakhadztum min duunihii auliyaa-a laa yamlikuuna li-anfusihim naf'aw walaa dharraa, Qul hal yastawil a'maa wal-bashiir, am hal tastawizh zhulumaatu wannuur, am ja'aluu lillaahi syurakaa-a khalaquu kakhalqihii fatasyaabahal khalqu 'alaihim, qulillaahu khaaliqu kulli syai-iw wahuwal waahidul qahhaar.

١٧ اَنْزَلَ مِنَ السَّمَاۗءِ مَاۗءً فَسَالَتْ اَوْدِيَةٌۢ بِقَدَرِهَا
فَاحْتَمَلَ السَّيْلُ زَبَدًا رَّابِيًا ۭ وَمِمَّا يُوْقِدُوْنَ
عَلَيْهِ فِي النَّارِ ابْتِغَاۗءَ حِلْيَةٍ اَوْ مَتَاعٍ زَبَدٌ مِّثْلُهٗ ۭ
كَذٰلِكَ يَضْرِبُ اللّٰهُ الْحَقَّ وَالْبَاطِلَ ۭ فَاَمَّا الزَّبَدُ
فَيَذْهَبُ جُفَاۗءً ۚ وَاَمَّا مَا يَنْفَعُ النَّاسَ فَيَمْكُثُ
فِي الْاَرْضِ ۭ كَذٰلِكَ يَضْرِبُ اللّٰهُ الْاَمْثَالَ ۝

17. PanjenengaNe kang nurunake banyu saka Langit, nuli jurang-jurang mili banyu, miturut kadare, sabanjure nuli ngintirake umpluk (rereged) kang kumambang! Lan saka logam-logam kang sok diobong dening manungsa kaalap pepaes, utawa barang-barang dandanan ana umpluke (reregede) uga. Lan kaya mangkono iku Allah andamel sanepa barang kang haq, lan kang batal. Dene umpluke, yaiku barang kang batal, iku ilang tanpa guna, dene barang kang manfa'ati amnungsa, tetep ana ing Bumi. Kaya mangkono iku Allah andamel sanepa!

Anzala minas samaa-i maa-an fasaalat audiyatum biqadarihaa fahtamalas sailu zabadar raabiyaa, wa mimmaa yuuqiduuna 'alaihi finnaarib-tighaa-a hilyatin au mataa'in zabadum mitsluh, kadzaalika yadhribullaahul haqqa wal baathil, fa-ammaz zabadu fayadzhabu jufaa-an wa ammaa maa yanfa'un naasa fayamkutsu fil ardh, kadzaalika yadhribullaahul amtsaal.

Saben manungsa oleh piwales saka 'amal tumindake dhewe!

18. Ganjaran kang becik kasadhiyakake tumrap wong-wong kang nyandikani dhawuhing Allah Pangerane, dene wong-wong kang ora nyandikani marang Pangerane, disadhiyakake panggonan kang ala, manawa dheweke padha ndarbeni kabeh barang kang ana ing Bumi, lan katambahan samono maneh, yekti bakal dianggo nebus awake saka siksa! Dheweke padha kapatrapan siksa kang ala, lan panggonane iku Jahaman ana ing Akherat, lan saala-alane panggonan!

١٨. لِلَّذِينَ اسْتَجَابُوا لِرَبِّهِمُ الْحُسْنَىٰ ۚ وَالَّذِينَ لَمْ يَسْتَجِيبُوا
لَهُ لَوْ أَنَّ لَهُم مَّا فِي الْأَرْضِ جَمِيعًا وَمِثْلَهُ مَعَهُ
لَافْتَدَوْا بِهِ ۚ أُولَٰئِكَ لَهُمْ سُوءُ الْحِسَابِ ۙ وَمَأْوَاهُمْ
جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ الْمِهَادُ ۝

Lilladziinas tajaabuu lirabbihimul husnaa, walladziina lam yastajiibuu lahuu lau anna lahum maa fil ardhi jamii'aw wa mitslahuu ma'ahuu laftadaubih, ulaaika lahum suu-ul hisab, wama'waahum jahannam, wa bi'sal mihaad.

19. Wong-wong kang ngerti yen satemene kang diturunake marang sira Muhammad, saka Pangeranira iku barang kang haq, apa padha karo wong wuta? Sanyata kang bisa eling iku mung wong-wong kang duwe 'akal.

١٩. أَفَمَن يَعْلَمُ أَنَّمَا أُنزِلَ إِلَيْكَ مِن رَّبِّكَ الْحَقُّ كَمَنْ
هُوَ أَعْمَىٰ ۚ إِنَّمَا يَتَذَكَّرُ أُولُو الْأَلْبَابِ ۝

Afamay ya'lamu annamaa unzila ilaika mir rabbikal haqqu kaman huwa a'maa, innamaa yatadzakkaru ulul albaab.

20. Yaiku wong-wong kang padha nuhoni janjining Allah, lan dheweke ora padha ngudhari parjanjian mau.

٢٠. الَّذِينَ يُوفُونَ بِعَهْدِ اللَّهِ وَلَا يَنقُضُونَ الْمِيثَاقَ ۝

Alladziina yuufuuna bi'ahdillaahi walaa yanqudhuunal miitsaaq.

21. Lan wong-wong kang nyambung paseduluran,[538] kang wus kadhawuhake dening Allah kudu kasambung, lan dheweke padha wedi marang Pangerane, lan ala-alane papriksan anaaing dina Qiyamat.

٢١. وَالَّذِينَ يَصِلُونَ مَا أَمَرَ اللَّهُ بِهِ أَن يُوصَلَ وَ
يَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ وَيَخَافُونَ سُوءَ الْحِسَابِ ۝

Walladziina yashiluuna maa amarallaahu bihii ay yuushala wa yakhsyauna rabbahum wa yakhaafuuna suu-ul hisaab.

538). Saestu nyambut tangsul pasedherekan (silaturahmi) karana Allah, boten pamrih punapa-punapa amung karana sungkem ndherek dhawuhing Allah SWT punika ageng sanget ganjaranipun, sarta kathah sanget manfa'atipun. Mula bukanipun saking anggathukaken balung-balung pisah, ngantos saged kasil anjodhokaken sadherek ingkang ambetahaken saestu jejodhohan, wiyaripun damel karukunan gesang bebrayaning Bangsa saking tuwuhing ikrar (Sumpah Pemuda). Asalipun saking pepanggihan Silaturahmi, lajeng dados ikrar: Satunggal Nusa, Satunggal Basa, lan Satunggal Bangsa, estu-estu punika syarat mutlak badhe kiyating Ketahanan Nasional. Tetilaranipun tiyang sepuh: Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah.

22. Lan wong-wong kang sabar karana ngarep-ngarep karidlaning Allah Pangerane, lan padha nyampurnakake Shalat sarta padha nanjakake rezeki paparingIngsun kalawan sesidheman lan ngedheng, lan padha nulak ala kalawan kabecikan, yekti dheweke iku kang bakal padha oleh papan pungkasan kang becik, yaiku Suwarga ing zaman kalanggengan.

٢٢. وَالَّذِيْنَ صَبَرُوا ابْتِغَآءَ وَجْهِ رَبِّهِمْ وَاَقَامُوا الصَّلٰوةَ وَاَنْفَقُوْا مِمَّا رَزَقْنٰهُمْ سِرًّا وَّعَلَانِيَةً وَّيَدْرَءُوْنَ بِالْحَسَنَةِ السَّيِّئَةَ اُولٰٓئِكَ لَهُمْ عُقْبَى الدَّارِ ۝

Walladziina shabarub-tighaa-a wajhi rabbihim wa aqaamush shalaata wa anfaquu mimmaa razaqnaahum sirraw wa'alaa niyataw wa yadra-uuna bil hasanatis sayyi-ata ulaa-ika lahum 'uqbad-daar.

23. Yaiku Suwarga 'Adnin, dheweke lan wong-wong kang shaleh, saka Bapak-bapakne, saka Bojo-bojone, sarta anak turune, bakal padha lumebu bebarengan marang Suwarga iku. Lan Malaikat bakal lumebu ing panggonane wong-wong mau saka saben-saben lawang!

٢٣. جَنّٰتُ عَدْنٍ يَّدْخُلُوْنَهَا وَمَنْ صَلَحَ مِنْ اٰبَآئِهِمْ وَاَزْوَاجِهِمْ وَذُرِّيّٰتِهِمْ وَالْمَلٰٓئِكَةُ يَدْخُلُوْنَ عَلَيْهِمْ مِّنْ كُلِّ بَابٍ ۝

Jannaatu 'adniy yadkhuluunahaa waman shalaha min aabaa-ihim wa azwaajihim wa dzurriyyaatihim wal malaa-ikatu yadkhuluuna 'alaihim min kulli baab.

24. Pangayubagyane para Malaikat marang ahli Suwarga: "Kawilujengan mugi tetep dhumateng panjenengan sadaya, awit saking kasabaran panjenengan, lan punika sae-saening griya ingkang pungkasan!". 539)

٢٤. سَلٰمٌ عَلَيْكُمْ بِمَا صَبَرْتُمْ فَنِعْمَ عُقْبَى الدَّارِ ۝

Salaamun 'alaikum bimaa shabartum fani'ma 'uqbad-daar.

---

539). Estunipun manawi ayat no. 19 dumugi no. 24 punika kagerba saged dipun suraos makaten: watak wantun sarta kalakuan sae (Akhlakul Kariinah) punika kawusananipun ugi tamtu badhe manggih sae, inggih punika: 1. mituhu ing janji, boten gleca-glece. 2. remen silaturahmi (nyambet pasedherekan), 3-4 taqwa (ajrih) ing Pangeran lan kuwatos awoning hisap (papriksan) benjing dinten Qiyamat, salajengipun sregep nindakaken 'amal kasaenan dhawuhing Pangeran, lan sumingkir saking lampah dosa tuwin ma'siyatan. 5. sabar (betah) nindakaken kasaenan lan nyingkiri ma'siyat wau, saha kuwawi ngampet hawa-nafsunipun lan ngembat cobining Pangeran. 6. 'ibadah ing Allah sarana ngedekaken Shalat. 7. berbudi, purun ngeberaken rezeki peparingipun Pangeran kanthi sisingidan (sir) utawi ngedheng. Lan 8. nulak awon sarana kasaenan, inggih punika nuceni dosa sarana toubat lan nindakaken 'amal kasaenan. Utawi nulak pokal awon sarana patrap ingkang sae.

Inggih makaten punika saweneh saking pakertinipun tiyang ingkang abudi-wening, menggah kawusananipun badhe pinaringan Suwarga endah ingkang langgeng, ingkang badhe dipun enggeni sasimah-batihipun dalah saputra-wayahipun tuwin leluhuripun pisan ingkang sami shaleh. Sarta saben-saben kasanjanan dening para Malaikat sami mangayu-bagiya sarta sami amemuji. Dhuh para sutrisna! saiba ni'matipun!

Dhawuh mituhu ing janji wau, wonten ing Al Quraan dipun kencengaken sanget sarana dipun wongsal-wangsuli wonten ing pinten-pinten Ayat, supados dipun estokaken yektos lan dipun tindakna saperlunipun. Jalaran, mituhu ing janji wau, kajawi pancen kalebet satunggaling pakerti sae ingkang baku, ugi dados sarat wilujengipun tuwin tata-tentremipun sarta gayengipun gesang bebrayan. Awit tetembayatan utawi lelayananipun tiyang ingkang gleca-glece (oglak-aglik kados siwur pothol!) punika boten saged badhe katata sae, lan boten saged jenjem sarta boten saged badhe dipun antepi, ananging namung tansah was sumelang manawi dipun blenjani utawi dipun sulayani, wasana bebrayanipun wau boten saged sae, boten saged tentrem, lan boten gayeng (kompak!), kados ingkang kadhawuhaken ing Ayat salajengipun. Ugi mrisanana surat Al Baqarah ayat: 177, wallahu a'lam bissawab!

Saweneh sipat lan tumindake wong kang ingkar ing Allah.

25. Lan wong-wong kang ngrusak janjine Allah sawuse diikrarake, sarana teguh, lan medhot apa-apa kang Allah wus marentah supaya disambung, lan gawe rusak ing Bumi, yekti wong-wong mau kena la'nat, lan bakal anduweni papan kang ala, yaiku Naraka ing zaman kalanggengan.

٢٥- وَالَّذِيْنَ يَنْقُضُوْنَ عَهْدَ اللّٰهِ مِنْ بَعْدِ مِيْثَاقِهٖ وَيَقْطَعُوْنَ مَآ اَمَرَ اللّٰهُ بِهٖٓ اَنْ يُّوْصَلَ وَيُفْسِدُوْنَ فِى الْاَرْضِ ۙ اُولٰٓئِكَ لَهُمُ اللَّعْنَةُ وَلَهُمْ سُوْٓءُ الدَّارِ ۝

Walladziina yanqudhuuna 'ahdallaahi mim ba'di miitsaqihii wa yaqtha'uuna maa amarallaahu bihii ay-yuushala wa yufsiduuna fil ardh, ulaa-ika lahumul la'natu wa lahum suu-ud-daar.

26. Allah anjembarake rezekine marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan PanjenengaNe uga ngrupegake, lan dheweke padha bungah-bungah kalawan panguripan Donya, ing mangka panguripan Donya iku katimbang karo Akherat, ora liya kajaba mung kasenengan kang sathithik.

٢٦- اَللّٰهُ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيَقْدِرُ ۚ وَفَرِحُوْا بِالْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۗ وَمَا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا فِى الْاٰخِرَةِ اِلَّا مَتَاعٌ ۝

Allaahu yabsuthur rizqa limay yasyaa-u wa yaqdir, wa farihuu bil hayaatid dunyaa, wamal hayaatud dunyaa fil aakhirati illaa mataa'.

27. Lan wong-wong kafir padha celathu: "Geneya ora diturunake marang Muhammad tandha-yekti Kanabian saka Pangerane?". Dhawuha sira: "Sanyata Allah nyasarake wong kang dikarsakake, lan nuduhake marang dedalaNe ing wong kang bali-taubat marang PanjenengaNe!

٢٧- وَيَقُوْلُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَوْلَآ اُنْزِلَ عَلَيْهِ اٰيَةٌ مِّنْ رَّبِّهٖ ۗ قُلْ اِنَّ اللّٰهَ يُضِلُّ مَنْ يَّشَآءُ وَيَهْدِىْٓ اِلَيْهِ مَنْ اَنَابَ ۝

Wa yaquulul ladziina kafaruu laulaa unzila 'alaihi aayatum mir rabbih, qul innallaaha yudhillu may yasyaa-u wa yahdii ilaihi man anaab.

Katenanganing mentale wong kang padha iman.

28. Yaiku wong-wong kang padha iman, lan atine padha tetep mantep kalawan eling marang Allah. Elingna! Teteg antenging ati iku mung kalawan eling marang Allah.

٢٨- اَلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَتَطْمَئِنُّ قُلُوْبُهُمْ بِذِكْرِ اللّٰهِ ۗ اَلَا بِذِكْرِ اللّٰهِ تَطْمَئِنُّ الْقُلُوْبُ ۝

Alladziina aamanuu wa tathma-innu quluubuhum bidzikrillaah, alaa bidzikrillaahi tathma-innul quluub.

Para pemimpin lan para sarjana sarta para ulama bangsa Indonesia ing wekdal punika dereng kasil ambangun watak mituhu ing janji. Sabab taksih kathah "jam karet" wonten ing pundi-pundi sektor pembangunan Nasional. Saestu menggahing zaman modern taksih wonten lageyan "aras-arasen" lan mbucal tempo ingkang boten temonjo, punika cacad ageng sanget! Kula aturi mbandhing Kaliyan bangsa Jepang utawi Eropa, sanget manfa'ataken wekdal!

29. Dene wong-wong kang iman, lan nindakake 'amal shaleh, yekti dheweke padha oleh kabegjan, lan panggonan bali kang becik.

٢٩. اَلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ طُوْبٰى لَهُمْ وَحُسْنُ مَاٰبٍ ۝

Alladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati thuubaa lahum wa husnu ma-aab.

Kautuse para andika Rasul iku Sunnah Allah.

30. Kaya mangkono Ingsun wus ngutus sira Muhammad, marang umat iki, kang wus kadhisikan umat-umat sadurunge, supaya kang wus Ingsun wahyokake marang sira iku, sira waca marang dheweke ana ing nalikane padha kafir marang Pangeran kang Maha Welas. Dhawuha sira Muhammad: "PanjenengaNe Allah iku Pangeranku, ora ana Pangeran kang sinembah kajaba mung PanjenengaNe pribadi, marang PanjenengaNe aku sumarah, lan mung marang PanjenengaNe panggonan baliku!".

٣٠. كَذٰلِكَ اَرْسَلْنٰكَ فِيْٓ اُمَّةٍ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهَآ اُمَمٌ لِّتَتْلُوَا عَلَيْهِمُ الَّذِيْٓ اَوْحَيْنَآ اِلَيْكَ وَهُمْ يَكْفُرُوْنَ بِالرَّحْمٰنِ قُلْ هُوَ رَبِّيْ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَاِلَيْهِ مَتَابِ ۝

Kadzaalika arsalnaaka fii ummatin qad khalat min qablihaa umamul litatluwa 'alaihimul ladzii auhainaa ilaika wahum yakfuruuna birrahmaan, qul huwa rabbii laa ilaaha illaa huwa, 'alaihi tawwakkaltu wa ilaihi mataab.

'Alam Donya horeg dening tumuruning Quraan.

3 1. Lan satemene sanajan Quraan iku upama bisa dianggo nglakokake Gunung-gunung, utawa kanggo ambelah Bumi, utawa kanggo bisakake ngucap wong-wong kang wus mati, wong-wong mau hiya ora gelem iman. Satemene kabeh perkara iku kagungaNe Allah pribadi. Apa wong-wong kang iman iku ora sumurup, manawa Allah iku kersa, yekti PanjenengaNe nuduhake kabeh manungsa. Lan ora kendhat-kendhat wong-wong kafir kakenan musibah kagawa saka tumindake kang ala, utawa bilahi! Iku diturunake cerak saka Padesane nganti tumeka janjine Allah, maut utawa Qiyamat. Satemene Allah iku ora nyulayani janji.

٣١. وَلَوْ اَنَّ قُرْاٰنًا سُيِّرَتْ بِهِ الْجِبَالُ اَوْ قُطِّعَتْ بِهِ الْاَرْضُ اَوْ كُلِّمَ بِهِ الْمَوْتٰى ۭ بَلْ لِّلّٰهِ الْاَمْرُ جَمِيْعًا ۭ اَفَلَمْ يَايْــَٔسِ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنْ لَّوْ يَشَاۗءُ اللّٰهُ لَهَدَى النَّاسَ جَمِيْعًا ۭ وَلَا يَزَالُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا تُصِيْبُهُمْ بِمَا صَنَعُوْا قَارِعَةٌ اَوْ تَحُلُّ قَرِيْبًا مِّنْ دَارِهِمْ حَتّٰى يَاْتِيَ وَعْدُ اللّٰهِ ۭ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُخْلِفُ الْمِيْعَادَ ۝

Walau anna qur-aanan suyyirat bihil jibaalu au quththi'at bihil-ardhu au kullima bihil mautaa, bal lillaahil amru jamii'aa, afalam yai-asil ladziina aamanuu al-lau yasyaa-ullaahu lahadan naasa jamii'aa, walaa yazaalul ladziina kafaruu tushiibuhum bimaa shana'uu qaari'atun au tahullu qariibam min daarihim hattaa ya'tiya wa'dullaah, innallaaha laa yukhliful mii'aad.

Sapa bahe kang nyulayani Rasulullah bakal sengsara.

32. Lan temen para Utusan sadurungira wus padha digeguyu, Ingsun nuli paring tempo marang wong-wong kafir (bareng wus entek tempone), Ingsun nuli natrapi kalawan siksa. Mangka kapriye kaanane siksanIngsun marang wong-wong mau.

٣٢. وَلَقَدِ اسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّن قَبْلِكَ فَأَمْلَيْتُ لِلَّذِينَ كَفَرُوا ثُمَّ أَخَذْتُهُمْ فَكَيْفَ كَانَ عِقَابِ ۝

Walaqadis tuhzi-a birusulim min qablika fa-amlaitu lilladziina kafaruu tsumma akhadztuhum, fakaifa kaana 'iqaab.

33. Allah kang tansah mriksani sakabehing manungsa, uninga ing perkara kang ditindakake dening manungsa iku, apa padha kalawan kang didadekake sakuthune Allah dening wong-wong mau? Dhawuha sira Muhammad: "Mara sira kabeh sebutna jenenge brahala-brahala iku, utawa sira nerangake marang Allah yen ana sakuthu-sakuthu kang ora tau kawuningan dening Allah ana ing Bumi iki, utawa apa sira nyebutake anane sakuthu-sakuthu iku, mung kalawan omongan lahir bae? Satemene wus dipepaes marang wong-wong kafir kabeh kekafirane, lan dheweke dialang-alangi saka Agama kang bener, lan sing sapa disasarake dening Allah, yekti ora ana wong kang bisa nuduhake!

٣٣. أَفَمَنْ هُوَ قَائِمٌ عَلَىٰ كُلِّ نَفْسٍ بِمَا كَسَبَتْ ۗ وَجَعَلُوا لِلَّهِ شُرَكَاءَ ۚ قُلْ سَمُّوهُمْ ۚ أَمْ تُنَبِّئُونَهُ بِمَا لَا يَعْلَمُ فِي الْأَرْضِ أَمْ بِظَاهِرٍ مِّنَ الْقَوْلِ ۚ بَلْ زُيِّنَ لِلَّذِينَ كَفَرُوا مَكْرُهُمْ وَصُدُّوا عَنِ السَّبِيلِ ۗ وَمَن يُضْلِلِ اللَّهُ فَمَا لَهُ مِنْ هَادٍ ۝

Afaman huwa qaa-imun 'alaa kulli naf-sim bimaa kasabat, waja'aluu lillaahi syurakaa', qul sammuuhum, am tunabbi-uunahuu bimaa laa ya'lamu fil ardhi am bizhaahirim minal qauul, bal zuyyina lilladziina kafaruu makruhum wa shad-duu 'anis-sabiil, wamay yudhlilillaahu famaa lahuu min haad.

34. Wong-wong kafir kapatrapan siksa ana ing Donya, lan yekti siksa Akherat iku luwih abot, sarta dheweke ora ana kang bakal ngalang-alangi saka siksane Allah.

٣٤. لَهُمْ عَذَابٌ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَلَعَذَابُ الْآخِرَةِ أَشَقُّ ۖ وَمَا لَهُم مِّنَ اللَّهِ مِن وَاقٍ ۝

Lahum 'adzaabun fil hayaatid dunyaa wa la'adzaabul aakhirati asyaqq, wamaa lahum minallaahi min waaq.

Kaya apa mungguh gambarane Suwarga!

35. Mungguh sifat gambarane Suwarga kang kajanjekake kanggo wong-wong kang taqwa ing Allah iku, ing ngisore ana kali-kaline mili, panganan sarta iyub-iyube langgeng. Kang kaya mangkono iku wekasane wong-wong kang taqwa. Dene wekasane wong-wong kafir iku Naraka!

٣٥. مَّثَلُ الْجَنَّةِ الَّتِي وُعِدَ الْمُتَّقُونَ ۖ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۖ أُكُلُهَا دَائِمٌ وَظِلُّهَا ۚ تِلْكَ عُقْبَى الَّذِينَ اتَّقَوا ۖ وَّعُقْبَى الْكَافِرِينَ النَّارُ ۝

Matsalul jannatil latii wu'idal muttaquun, tajrii min tahtihal anhaar, ukuluhaa daa-imuw wa zhilluhaa, tilka 'uqbal ladziinat-taqau, wa 'uqbal kaafiriinan naar.

Wong kang iman nampa Quraan kalayan paripurna!

36. Lan wong-wong kang Ingsun paringi Kitab, dheweke padha bungah[540] kalawan barang kang Ingsun turunake marang sira Muhammad. Lan sawenehe ahli Kitab, Yahudi, ana kang ingkar marang sawenehe isine. Dhawuha sira: "Satemene aku kadhawuhan supaya nyembah marang Allah pribadi, lan kadhawuhan supaya aku aja nyakuthokake marang PanjenengaNe. Amung marang Allah aku nyenyuwun, lan marang PanjenengaNe panggonan baliku!".

٣٦. وَالَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ يَفْرَحُوْنَ بِمَآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ وَمِنَ الْاَحْزَابِ مَنْ يُّنْكِرُ بَعْضَهٗ ۭ قُلْ اِنَّمَآ اُمِرْتُ اَنْ اَعْبُدَ اللّٰهَ وَلَآ اُشْرِكَ بِهٖ ۭ اِلَيْهِ اَدْعُوْا وَاِلَيْهِ مَاٰبِ ۝

Walladziina aatainaahumul kitaaba yafrahuuna bimaa unzila ilaika wa minal ahzaabi may yunkiru ba'dhah, qul innamaa umirtu an a'budallaaha walaa usyrika bih, ilaihi ad'uu wa ilaihi ma-aab.

37. Kaya mangkono Ingsun wus nurunake Quraan kalawan tembung Arab,[541] lan manawa sira mituruti marang hawa-nafsune wong-wong mau sawuse sira katekan 'ilmu yekti sira ora ana kang tetulung, lan kang ngalang-alangi saka siksaning Allah.

٣٧. وَكَذٰلِكَ اَنْزَلْنٰهُ حُكْمًا عَرَبِيًّا ۭ وَلَىِٕنِ اتَّبَعْتَ اَهْوَاۗءَهُمْ بَعْدَ مَا جَاۗءَكَ مِنَ الْعِلْمِ ۙ مَا لَكَ مِنَ اللّٰهِ مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا وَاقٍ ۝

Wa kadzaalika anzalnaahu hukman 'arabiyyaa, wala-inittaba'ta ahwaa-ahum ba'da maa jaa-aka minal 'ilm, maa laka minallaahi miw waliyyiw walaa waaq.

Bebrayan salaki-rabi ora pasulayan karo Karasulan!

38. Lan temen Ingsun wus ngutus para Utusan sadurungira, sarta Ingsun dadekake pada bebojoan, anak kumanak run tumurun, Lan ora ana Utusan iku nekakake tandha yekti kajaba kalawan idzine Allah. Saben-saben mangsa (Kitabe) nduweni katamtuan kang wus ditemtokake.[542]

٣٨. وَلَقَدْ اَرْسَلْنَا رُسُلًا مِّنْ قَبْلِكَ وَجَعَلْنَا لَهُمْ اَزْوَاجًا وَّذُرِّيَّةً ۭ وَمَا كَانَ لِرَسُوْلٍ اَنْ يَّاْتِيَ بِاٰيَةٍ اِلَّا بِاِذْنِ اللّٰهِ ۭ لِكُلِّ اَجَلٍ كِتَابٌ ۝

Walaqad arsalnaa rusulam min qablika wa ja'alnaa lahum azwaajaw wa dzurriyyah, wamaa kaana lirusulin ay ya'tiya bi aayatin illaa bi-idznillaah, likulli ajalin kitaab.

---

540). Inggih punika tetiyang Yahudi ingkang sami mlebet Islam, upami Abdullah bin Salam, sarta tiyang-tiyang Nasrani ingkang lumebet Islam.

541). Dening ahli Tafsir ingkang mligi nyatitekaken ilmu-basa Arab anerangaken bilih wonten tiga kaunggulanipun basa Arab: 1. Basa Arab punika wiwit zaman kina makina dumugi zaman modern sapunika tetep satunggaling basa ingkang gesang, 2. Basa ingkang jangkep kangge anerangaken babagan pranatan-pranatan Agami sarta Ka-Akheratan, 3. Dhapuking basa Arab gadhah tasrifan (conjugation) wiyar sanget, ngantos dumugi 3.000 ewah-ewahaning dhapukan basa, ingkang ing basa sanes boten kagungan.

542). Ayat punika tujuanipun kalih prakawis: 1. Nabi Muhammad s.a.w. ngasta mu'jizat saking ngarsanipun Allah punika boten dedolanan, nanging serius lan resmi, 2. Saben Rasul punika ngasta pranatan (hukum) utawi Kitab ingkang cocok kalayan kurun zamanipun.

Saben kurun mesthi ana tantangan jaman lan jawabe.

39. Allah kuwasa mbuseg kabeh barang kang dadi kaparenging karsaNe, sarta uga nglestarekake, lan ana ing ngarsaning Allah Pokoking Kitab, Lauhil Mafudz!

٣٩- يَمْحُوا اللّٰهُ مَا يَشَآءُ وَيُثْبِتُ ۖ وَعِنْدَهٗٓ اُمُّ الْكِتٰبِ ٥

Yamhullaahu maa yasyaa-u wa yutsbitu wa 'indahuu ummul kitaab.

40. Manawa Ingsun nuduhake marang sira Muhammad, ing saweneh siksa kang wus Ingsun janjekake marang wong-wong mau, utawa Ingsun nyedani sira, sadurunge nuduhake siksa mau (iki urusanIngsun). Awit satemene kuwajibanira iku mung nekakake pepeling, dene bab pepriksane dadi tanggunganIngsun!

٤٠- وَاِنْ مَّا نُرِيَنَّكَ بَعْضَ الَّذِىْ نَعِدُهُمْ اَوْ نَتَوَفَّيَنَّكَ فَاِنَّمَا عَلَيْكَ الْبَلٰغُ وَعَلَيْنَا الْحِسَابُ ٥

Wa-im maa nuriyannaka ba'dhal ladzii na'iduhum au natawaffayannaka fa-innamaa 'alaikal balaaghu wa 'alainal hisaab.

41. Apa wong-wong iku ora sumurup, yen satemene Ingsun wus maringake Bumi marang dheweke, nuli Ingsun suda saka pinggir-pinggire. Dene Allah iku kang ngukumi sarta ora ana kang bisa nulak hukume Allah, lan PanjenengaNe Allah iku rikat banget pangitunge!

٤١- اَوَلَمْ يَرَوْا اَنَّا نَاْتِى الْاَرْضَ نَنْقُصُهَا مِنْ اَطْرَافِهَا ۗ وَاللّٰهُ يَحْكُمُ لَا مُعَقِّبَ لِحُكْمِهٖ ۗ وَهُوَ سَرِيْعُ الْحِسَابِ ٥

Awalam yarau annaa na'til ardha nanqushuhaa min athraafihaa, wallaahu yahkumu laa mu'aqqiba lihukmih, wa huwa sarii'ul hisaab.

42. Satemene wong-wong biyen kang sadurunge wong kafir Mekkah, uga wus padha gawe apus krama, nanging kabeh apus krama iku ana panguwasaning Allah. PanjenengaNe ngawuningani kabeh kang ditindakake dening saben wong, lan wong-wong kafir bakal padha sumurup, sapa kang bakal anduweni omah pungkasan kang edi peni kuwi.

٤٢- وَقَدْ مَكَرَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَلِلّٰهِ الْمَكْرُ جَمِيْعًا ۗ يَعْلَمُ مَا تَكْسِبُ كُلُّ نَفْسٍ ۗ وَسَيَعْلَمُ الْكُفّٰرُ لِمَنْ عُقْبَى الدَّارِ ٥

Waqad makaral ladziina min qablihim falillaahil makru jamii'aa, ya'lamu maa taksibu kullu nafsin wa saya'lamul kuffaaru liman 'uqbad-daar.

43. Wong-wong kafir padha matur: "Saleresipun panjenengan Muhammad punika sanes Utusan!" Dhawuha sira Muhammad: "Wus cukup Allah, lan wong-wong kang anduweni 'ilmuning Kitab 543) kang anyekseni antaraku lan antaranira kabeh".

***)

٤٣- وَيَقُوْلُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَسْتَ مُرْسَلًا ۗ قُلْ كَفٰى بِاللّٰهِ شَهِيْدًا ۢ بَيْنِىْ وَبَيْنَكُمْ ۙ وَمَنْ عِنْدَهٗ عِلْمُ الْكِتٰبِ ٥

Wa yaquulul ladziina kafaruu lasta mursalaa, qul kafaa billaahi syahiidam bainii wa bainakum, waman 'indahuu 'ilmul kitaab.

543). Inggih punika para Ulama ahli Kitab ingkang sami lumebet Islam.

***). Sawatawis analisa bandhingan antawisipun surat Ar Ra'd kaliyan surat Ibrahim, utawi Comperative study of Quran, kados kasebut ing ngandhap punika:

1. Wonten ing surat Ar Ra'd kasebutaken bilih Quraan katurunaken ing basa Arab, ingkang jejeripun dados pamisah antawisipun haq lan batal, nanging hikmahipun Quraan sarana basa Arab dereng dipun andharaken. Mangke wonten surat Ibrahim badhe kajlentrehaken menggah hikmahipun Quraan ngangge basa Arab.

2. Rasul Utusaning Allah boten saged ngawontenaken mu'jizat tanpa idzin saking ngarsanipun Allah, makaten kasebut ing surat Ar Ra'd, malah manawi wonten ing surat Ibrahim para Rasul anerangaken bilih Rasul punika manungsa limrah, ingkang boten saged andhatengaken mu'jizat tanpa idzin saking ngarsaning Allah.

3. Ing surat Ar Ra'd nyebutaken bilih Nabi Muhammad s.a.w. ajak-ajak para manungsa supados sumarah (tawakkal) namung dhumateng Allah pribadi, dene wonten surat Ibrahim, Rasulullah s.a.w. anerangaken bilih para andika Rasul punika panecn sami sumarah (tawakkal) namung dhumateng ngarsanipun Allah s.w.t.

4. Wonten ing surat Ar Ra'd, ayat 19 - 24 ringkesipun amartelakaken watak lan kalakuwan sae utawi Akhlakul Kariimah, kados kasebut ing ngajeng!

IBRAHIM

Surat kaping 14 : 52 Ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 28 lan 29 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Nuh

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Quraan mimpin sakabehing umat manungsa ngambah dalan kang terang!

1. Alif, Laam Raa, (hamung Allah pribadi ingkang priksa maksude). Iki Kitab, kang wus Ingsun turunake marang sira Muhammad supaya sira ngetokake para manungsa saka petenging kekafiran marang pepadhanging iman, kalawan idzining Allah, Pangerane wong-wong mau. Sira ajak-ajak marang Agamane Pangeran kang Maha Gagah tur kang Maha Pinuji.

١ - الٓرٰ ۚ كِتٰبٌ اَنْزَلْنٰهُ اِلَيْكَ لِتُخْرِجَ النَّاسَ مِنَ الظُّلُمٰتِ اِلَى النُّوْرِ ۙ بِاِذْنِ رَبِّهِمْ اِلٰى صِرَاطِ الْعَزِيْزِ الْحَمِيْدِ ۝

Alif Laam Raa; kitaabun anzalnaahu ilaika litukhrijan naasa minazh zhulumaati ilan-nuuri bi-idzni rabbihim ilaa shiraathil 'aziizil hamiid.

2. Allah iku Pangeran kang kagungan samubarang kang ana ing Langit kelawan Bumi, lan siksa kang mbebayani banget larane, disadhiyakake tumrap wong-wong kang padha kafir.

٢ - اللّٰهِ الَّذِىْ لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ۗ وَوَيْلٌ لِّلْكٰفِرِيْنَ مِنْ عَذَابٍ شَدِيْدِ ۝

Allaahil-ladzii lahuu maa fissamaawaati wamaa fil-ardh, wawailul lil-kaafiriina min 'adzaabin syadiid.

3. Yaiku wong-wong kang kasengsem kalawan panguripan Donya nganti ngalahake panguripan Akherat, lan dheweke padha ngenggokake manungsa saka Agamane Allah, lan mamrih kasalahane Agamaning Allah, yekti wong-wong mau kasasar adoh temenan.

٣ - اِلَّذِيْنَ يَسْتَحِبُّوْنَ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا عَلَى الْاٰخِرَةِ وَيَصُدُّوْنَ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَيَبْغُوْنَهَا عِوَجًا ۗ اُولٰٓئِكَ فِىْ ضَلٰلٍۢ بَعِيْدٍ ۝

Alladziina yastahibbuunal hayaatad dunyaa 'alal aakhirati wa yashudduuna 'an sabiilillaahi wa yabghuunahaa 'iwajaa, Ulaa-ika fii dhalaalim ba'iid.

Nabi Musa a.s. sarta para andika Rasul sadurunge Nabi Muhammad s.a.w. iku mimpin umate dhewe-dhewe.

4. Lan Ingsun ora ngutus Utusan, kajaba kalawan basane tetembunganing [544] umate, supaya dheweke padha bisa nerangake marang umate. Allah nuli nasarake wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan paring pituduh marang sapa bae kang dadi kaparenging karsaNe, lan PanjenengaNe iku kang Maha Gagah tur Maha Wicaksana.

٤. وَمَآ أَرْسَلْنَا مِن رَّسُولٍ إِلَّا بِلِسَانِ قَوْمِهِۦ لِيُبَيِّنَ لَهُمْ ۖ فَيُضِلُّ ٱللَّهُ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِى مَن يَشَآءُ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ۝

Wamaa arsalnaa mir rasuulin illaa bilisaani qaumihii liyubayyina lahum, fayudhillul-laahu may yasyaa-u wa yahdii may yasyaa', wa huwal 'aziizul hakiim.

5. Lan temen Ingsun wus ngutus Musa ngampil ayat-ayatIngsun, pangandikanIngsun: "Sira ngetokna umatira saka pepetenging kekafiran marang pepadhanging iman, lan elingna ing dinaning Allah nibakake kadadean-kadadean marang umat-umat jaman biyen, jalaran satemene kang mangkono mau dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang banget sabare, sarta akeh syukure!

٥. وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ بِـَٔايَـٰتِنَآ أَنْ أَخْرِجْ قَوْمَكَ مِنَ ٱلظُّلُمَـٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ ۙ وَذَكِّرْهُم بِأَيَّـٰمِ ٱللَّهِ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَـٰتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ۝

Wa laqad arsalnaa muusaa bi-aayaatinaa an akhrij qaumaka minazh zhulumaati ilan-nuur, wa dzakkirhum bi-ayyaamillaah, inna fii dzaalika la-aayaatil likulli shabbaarin syakuur.

6. Lan elinga, nalika Musa dhawuh marang umate: "Sira elinga marang kani'matane Allah kang wus kaparingake marang sira, yaiku nalika Allah nylametake sira kabeh saka kawulargane Fir'aun, kang wus matrapi siksa marang sira kang banget alane, lan dheweke padha nyembeleh anak-anakira lanang, lan nguripi para wong wadonira, kang mangkono iku bilahi kang gedhe saka ngarsaning Pangeranira!

٦. وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِ ٱذْكُرُوا۟ نِعْمَةَ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ إِذْ أَنجَىٰكُم مِّنْ ءَالِ فِرْعَوْنَ يَسُومُونَكُمْ سُوٓءَ ٱلْعَذَابِ وَيُذَبِّحُونَ أَبْنَآءَكُمْ وَيَسْتَحْيُونَ نِسَآءَكُمْ ۚ وَفِى ذَٰلِكُم بَلَآءٌ مِّن رَّبِّكُمْ عَظِيمٌ ۝

Wa-idz qaala muusaa liqaumihiidz kuruu ni'matallaahi 'alaikum idz anjaakum min aali fir'auna yasuumuunakum suu-al 'adzaabi wa yudzabbihuuna abnaa-akum wa yastahyuuna nisaa-akum, wa fii dzaalikum balaa-um mir-rabbikum 'azhiim.

7. Lan elingna, nalika Pangeranira paring sumurup ana ing Kitab: "Satemene manawa sira padha syukur, yekti Ingsun nambahi ni'mat marang sira, dene yen sira kafir, satemene siksanIngsun iku sayekti banget larane".

٧. وَإِذْ تَأَذَّنَ رَبُّكُمْ لَئِن شَكَرْتُمْ لَأَزِيدَنَّكُمْ وَلَئِن كَفَرْتُمْ إِنَّ عَذَابِى لَشَدِيدٌ ۝

544). Maksudipun anerangaken bilih Al Quraan katurunaken sarana basa Arab punika boten ateges namung kagem bangsa Arab kemawon, ananging Kitab Al Quraan kagem sadaya Bangsa (universal).

Wa-idz ta-adzdzana rabbukum la-in syakartum la-aziidannakum wa la-in kafartum inna 'adzaabii lasyadiid.

Ing wiwitan kabeh kang bener ditulak!

8. Lan Nabi Musa ngandika: "Senajan sira lan kabeh wong kang ana ing Bumi iku padha kafir, satemene Allah iku tetep Pangeran kang Maha Sugih tur kang Pinuji.

٨. وَقَالَ مُوسَىٰٓ إِن تَكْفُرُوٓا۟ أَنتُمْ وَمَن فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا فَإِنَّ ٱللَّهَ لَغَنِىٌّ حَمِيدٌ ۝

Wa qaala muusaa in takfuruu antum wa man fil ardhi jamii'aa, fa-innallaaha laghaniyyun hamiid.

9. Dhawuhe Musa marang kaummu: "Apa durung tumeka ing sira, caritane wong-wong kuna sadurungira, yaiku kaume Nuh, 'Ad, Tsamud, lan kaum-kaum kang sapungkure, kang ora bisa dingerteni sapira akehing cacahe, kajaba mung Allah? Para UtusaNe Allah wus rawuh marang dheweke kalawan ngampil tandha yekti, wong-wong mau nuli padha ngangkat tangane nutupi cangkeme saking gethinge, sarta ngucap: "Sayektosipun kula sadaya boten pitados, dhumateng tandha yekti dhawuh ingkang supados kadhatengaken ing kula sadaya, lan yektos kula sadaya wonten salebeting kemamangan dhateng perkawis ingkang Panjenengan ajakaken dhateng kula sadaya".

٩. أَلَمْ يَأْتِكُمْ نَبَؤُا۟ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ قَوْمِ نُوحٍ وَعَادٍ وَثَمُودَ ۛ وَٱلَّذِينَ مِنۢ بَعْدِهِمْ ۛ لَا يَعْلَمُهُمْ إِلَّا ٱللَّهُ ۖ جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَرَدُّوٓا۟ أَيْدِيَهُمْ فِىٓ أَفْوَٰهِهِمْ وَقَالُوٓا۟ إِنَّا كَفَرْنَا بِمَآ أُرْسِلْتُم بِهِۦ وَإِنَّا لَفِى شَكٍّ مِّمَّا تَدْعُونَنَآ إِلَيْهِ مُرِيبٍ ۝

Alam ya'tikum naba-ul ladziina min qablikum qaumi nuuhiw wa 'aadiw wa tsamuud, walladziina mim ba'dihim, laa ya'lamuhum illallaah, jaa-athum rusuluhum bil-bayyinaati faradduu aidiyahum fii afwaahihim wa qaaluu innaa kafarnaa bimaa ursiltum bihii wa innaa lafii syakkim mimmaa tad'uunanaa ilaihi muriib.

10. Ngandikane para Rasule: "Apa sira isih mamang marang ananing Allah kang Suwiji, kang wus nitahake Langit lan Bumi, kang wus nimbali marang sira, saperlu paring pangapura ing sira saka dosa-dosanira, sarta nyrantekake siksa-Ne marang sira, nganti tekan mangsa kang katamtokake?" Wong-wong mau matur: "Boten sanes panjenengan sadaya punika, kajawi namung manungsa kados kula kemawon. Panjenengan teka ngalang-alangi saking pangeran-pangeran ingkang sampun dipun sembah-sembah dening tetiyang sepuh kula sadaya, pramila mugi paringa alasan ingkang terang dhateng kula".

١٠. قَالَتْ رُسُلُهُمْ أَفِى ٱللَّهِ شَكٌّ فَاطِرِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ يَدْعُوكُمْ لِيَغْفِرَ لَكُم مِّن ذُنُوبِكُمْ وَيُؤَخِّرَكُمْ إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى ۚ قَالُوٓا۟ إِنْ أَنتُمْ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُنَا ۚ تُرِيدُونَ أَن تَصُدُّونَا عَمَّا كَانَ يَعْبُدُ ءَابَآؤُنَا فَأْتُونَا بِسُلْطَٰنٍ مُّبِينٍ ۝

Qaalat rusuluhum afillaahi syakkun faathiris samaawaati wal ardh, yad'uukum liyaghfira lakum min dzunuubikum wa yu-akhkhirakum ilaa ajalim musammaa, qaaluu in antum illaa basyarum mitslunaa, turiiduuna an tashudduunaa 'ammaa kaana aabaa-unaa fa'tuunaa bishulthaanim mubiin.

11. Wangsulane para Rasul: "Bener, aku kabeh iki ora liya hiya mung manungsa kaya sira, ananging Allah wus paring kuwajiban marang wong kang dadi kaparenging karsaNe saka para kawulaNe. Dudu samesthine aku kabeh aweh keterangan marang sira, kajaba kalawan idzine Allah, lan mung marang Allah pribadi: padha pasraha! he wong-wong kang Mu'min!"

١١ - قَالَتْ لَهُمْ رُسُلُهُمْ إِنْ نَّحْنُ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ وَلَٰكِنَّ اللَّهَ يَمُنُّ عَلَىٰ مَن يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ ۖ وَمَا كَانَ لَنَا أَن نَّأْتِيَكُم بِسُلْطَانٍ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ ۖ وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ ۝

Qaalat lahum rusuluhum in nahnu illaa basyarum mitslukum walaakinnallaaha yamunnu 'alaa may yasyaa-u min 'ibaadih, wamaa kaana lanaa an na'tiyakum bishulthaanin illaa bi-idznillaah, wa 'alal-laahi falyatawakkalil mu'minuun.

12. "Lan kapriye dene aku kabeh teka ora sumarah marang Allah, ing mangka Panjenengane wus paring pituduh ing dedalan kita? Lan sayekti kita mesthi sabar ing pangarubiru kang sira tindakake marang aku, lan mung marang Allah pribadi wong-wong kang tawakkal iku kudu sumarah pasrah".

١٢ - وَمَا لَنَا أَلَّا نَتَوَكَّلَ عَلَى اللَّهِ وَقَدْ هَدَانَا سُبُلَنَا ۚ وَلَنَصْبِرَنَّ عَلَىٰ مَا آذَيْتُمُونَا ۚ وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُتَوَكِّلُونَ ۝ ع ٢ ١٣

Wamaa lanaa allaa natawakkala 'alallaahi waqad hadaanaa subulanaa, walanashbi-ranna 'alaa maa aadzaitumuunaa, wa 'alallaahi fal-yatawakkalil mutawakki-luun.

Kawusanane nandhang kasangsaran tumrap umat kang nulak kabeneran.

13. Pangucape wong-wong kafir marang para andika Rasul: "Tamtu kula sadaya nundhung panjenengan saking Bumi ngriki, utawi kejawi yen panjenengan saestu karsa mlebet Agami kula!" PangeraNe para Utusan iku banjur paring wahyu: "Satemene Ingsun mesthi ngrusak marang wong-wong kang padha nganiaya iku!"

١٣ - وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِرُسُلِهِمْ لَنُخْرِجَنَّكُم مِّنْ أَرْضِنَا أَوْ لَتَعُودُنَّ فِي مِلَّتِنَا ۖ فَأَوْحَىٰ إِلَيْهِمْ رَبُّهُمْ لَنُهْلِكَنَّ الظَّالِمِينَ ۝

Wa qaalal ladziina kafaruu lirusulihim lanukhrijannakum min ardhinaa au lata-'uudunna fii millatinaa, fa-auhaa ilaihim rabbuhum lanuhlikannazh zhaalimiin.

14. Lan yekti Ingsun mesthi ngenggonake sira kabeh ana ing bumi sapungkure dheweke rusak. Kaya mangkono iku tumrap wong kang wedi sowan ing ngarsaningSun, 545) sarta wedi marang ancamanIngsun.

١٤ - وَلَنُسْكِنَنَّكُمُ الْأَرْضَ مِن بَعْدِهِمْ ۚ ذَٰلِكَ لِمَنْ خَافَ مَقَامِي وَخَافَ وَعِيدِ ۝

Walanuskinannakumul ardha mim ba'di-him, dzaalika liman khaafa maqaamii wa khaafa wa'iid.

545). Sowan ing panggenan papriksan Ingsun inggih punika sowan ing ngarsaning Allah SWT wonten dintening Qiyamat perlu dipun hisab (kaparingan pangadilan ingkang Sa-adil-adilipun).

15. Lan dheweke padha nenuwun oleha kamenangan saka mungsuh-mungsuhe, lan rusaka kabeh wong kang sawenang-wenang tur nganiaya!

١٥ - وَاسْتَفْتَحُوا وَخَابَ كُلُّ جَبَّارٍ عَنِيدٍ ۝

Wastaftahuu wa khaaba kullu jabbaarin 'aniid.

16. Saka burine wong-wong kafir mau sing ana Naraka Jahanam, lan dheweke diombeni nanah kang mawa ludira metu saka kulit-kulite.

١٦ - مِّن وَرَآئِهِۦ جَهَنَّمُ وَيُسْقَىٰ مِن مَّآءٍ صَدِيدٍ ۝

Miw waraa-ihii jahannamu wa yusqaa mim maa-in shadiid.

17. Dheweke nuli padha ngombe nanah mau, nanging ora bisa kolu, lan dheweke katekanan laraning pati saka ngendi-endi panggonan, nanging dheweke ora mati. Lan sawuse diwenehi omben-omben nanah, isih diwenehi siksa maneh kang luwih banget abote.

١٧ - يَتَجَرَّعُهُۥ وَلَا يَكَادُ يُسِيغُهُۥ وَيَأْتِيهِ ٱلْمَوْتُ مِن كُلِّ مَكَانٍ وَمَا هُوَ بِمَيِّتٍ ۖ وَمِن وَرَآئِهِۦ عَذَابٌ غَلِيظٌ ۝

Yatajarra'uhuu walaa yakaadu yusiighuhuu wa ya'tiihil mautu min kulli makaaniw wamaa huwa bimayyit, wamiw waraa-ihii 'adzaabun ghaliizh.

18. Sanepane wong kang padha kafir marang Pangerane, iku kaya dene awu kang katiup angin ana ing mangsa barat gedhe, dheweke besuk ana ing dina Qiyamat ora oleh ganjaran amale sathithik-thithika; kakafirane kang kaya mangkono iku njalari kesasar kang adoh banget!

١٨ - مَثَلُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِرَبِّهِمْ أَعْمَٰلُهُمْ كَرَمَادٍ ٱشْتَدَّتْ بِهِ ٱلرِّيحُ فِى يَوْمٍ عَاصِفٍ ۖ لَّا يَقْدِرُونَ مِمَّا كَسَبُوا۟ عَلَىٰ شَىْءٍ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلضَّلَٰلُ ٱلْبَعِيدُ ۝

Matsalul ladziina kafaruu birabbihim a'maaluhum karamaadi(n)isytaddat bihir riihu fii yaumin 'aashif, laa yuqdiruuna mimmaa kasabuu 'alaa syaii', dzaalika huwadh-dhalaalul ba'iid.

19. Apa sira durung sumurup yen satemene Allah iku wus nitahake Langit lan Bumi kalawan haq? Manawa Allah ngarsakake, yekti PanjenengaNe banjur nyirnakake sira kabeh , lan angganti sira kabeh, sarana nitahake makhluk kang anyar.

١٩ - أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ بِٱلْحَقِّ ۚ إِن يَشَأْ يُذْهِبْكُمْ وَيَأْتِ بِخَلْقٍ جَدِيدٍ ۝

Alam tara annallaaha khalaqas samaawaati wal ardha bil-haqq, in-yasya' yudzhibkum wa ya'ti bikhalqin jadiid.

20. Lan kang kaya mangkono iku, yaiku nyirnakake sira kabeh sarta angganti makhluk anyar, mungguhing Allah kuwasa bae.

٢٠ - وَمَا ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ بِعَزِيزٍ ۝

Wamaa dzaalika 'alallaahi bi'aziiz.

21. Lan dheweke padha metu jumedhul saka kubure, kabeh ana ing Mahsyar padha sowan ngadhep marang ngarsaning Allah, nuli wong-wong kang apes ngucap marang wong-wong kang adigang-adigung: "Satemene aku wus anggugu ing sira, kena apa saiki sira selak ora bisa ambengkas siksaning Allah marang aku?" Wangsulane: "Manawa Allah paring pituduh marang aku, yekti aku ngajak sira marang dalan pituduh. Padha bae tumrap aku, sesambat utawa sabar, aku ora bisa oleh pangungsen".

٢١ - وَبَرَزُوا لِلّٰهِ جَمِيعًا فَقَالَ الضُّعَفٰٓؤُا لِلَّذِينَ اسْتَكْبَرُوٓا
إِنَّا كُنَّا لَكُمْ تَبَعًا فَهَلْ أَنتُم مُّغْنُونَ عَنَّا مِنْ
عَذَابِ اللّٰهِ مِن شَيْءٍ ۚ قَالُوا لَوْ هَدٰىنَا اللّٰهُ لَهَدَيْنٰكُمْ ۚ
سَوَآءٌ عَلَيْنَآ أَجَزِعْنَآ أَمْ صَبَرْنَا مَا لَنَا مِن مَّحِيصٍ ۝

Wa barazuu lillaahi jamii'an faqaaladh dhu'afaa-u lilladziinas takbaruu innaa kunnaa lakum taba'an fahal antum mughnuuna 'annaa min 'adzaabillaahi min syaii', qaaluu lau hadaanallaahu lahadainaakum, sawaa-un 'alainaa ajazi'naa am shabarnaa maa lanaa mim mahiish.

Sawuse Allah nibakake kaputusan pungkasan syetan ngakoni!

22. Lan sawuse prakara hisab wus dirampungi kaputusane; syetan ngucap: "Sanyata Allah wus janji marang sira kalawan janji kang nyata, dene aku uga wus janji marang sira, ananging sira dak apusi, lan pangajakku marang sira iku tanpa katerangan kang cetha, kajaba sawuse aku ngajak sira, sira mung banjur nurut bae marang aku. Jalaran saka iku, sira aja ngala-ala marang aku, ananging padha nggetunana marang awakmu dhewe. Aku ora pisan-pisan bisa nylametake sira, lan sira uga ora bisa nylametake aku saka Naraka. Satemene aku wiwit biyen wus emoh karo anggonira nyakuthokake aku marang Allah". Pangandikane Allah: "Sanyata wong-wong kang nganiaya yekti bakal kapatrapan siksa kang nglarani".

٢٢ - وَقَالَ الشَّيْطٰنُ لَمَّا قُضِيَ الْأَمْرُ إِنَّ اللّٰهَ وَعَدَكُمْ
وَعْدَ الْحَقِّ وَوَعَدتُّكُمْ فَأَخْلَفْتُكُمْ ۖ وَمَا كَانَ لِيَ
عَلَيْكُم مِّن سُلْطٰنٍ إِلَّآ أَن دَعَوْتُكُمْ فَاسْتَجَبْتُمْ لِي ۖ
فَلَا تَلُومُونِي وَلُومُوٓا أَنفُسَكُم ۖ مَّآ أَنَا بِمُصْرِخِكُمْ
وَمَآ أَنتُم بِمُصْرِخِيَّ ۖ إِنِّي كَفَرْتُ بِمَآ أَشْرَكْتُمُونِ
مِن قَبْلُ ۗ إِنَّ الظّٰلِمِينَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Wa qaalasy syaithaanu lammaa qudhiyal amru innallaaha wa'adakum wa'dal-haqq, wawa'ad-tukum fa-akhlaftukum, wamaa kaana lii 'alaikum min sulthaanin illaa an da'autukum fastajabtum lii, falaa taluumuu wa luumuu anfusakum, maa ana bimushrikhikum wamaa antum bimushrikhiy, innii kafartu bimaa asyraktumuuni min qabl, innazh zhaalimiina lahum 'adzaabun aliim.

23. Dene wong-wong kang padha iman lan 'amal shaleh, bakal dienggonake ing Suwarga, kang ngisore ana kaline mili, dheweke padha tetep ana ing kono kalawan idzining PangeraNe, pakurmatane ana ing kono ngucap "Salam!" 546)

٢٣ - وَأُدْخِلَ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ جَنّٰتٍ تَجْرِي
مِن تَحْتِهَا الْأَنْهٰرُ خٰلِدِينَ فِيهَا بِإِذْنِ رَبِّهِمْ ۖ تَحِيَّتُهُمْ
فِيهَا سَلٰمٌ ۝

Wa udkhilal ladziina aamanuu wa'amilush shaalihaati jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa biidzni rabbihim, tahiyyatuhum fiihaa salaam.

546). **Tegesipun: sami kasugengan sadaya.**

Sanepane kabeneran lan kabatilan.

24. Apa sira durung sumurup, kapriye Allah anggone andamel sanepan kalimah 547) kang becik, yaiku kalimah Laa ilaa ha illallaah? Iku kaya sawijining wit kang becik, oyode tetep ana ing Bumi, dene pange ana ing Langit.

٢٤. اَلَمْ تَرَ كَيْفَ ضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا كَلِمَةً طَيِّبَةً كَشَجَرَةٍ
طَيِّبَةٍ اَصْلُهَا ثَابِتٌ وَّفَرْعُهَا فِى السَّمَآءِ ۙ ٥

Alam tara kaifa dharaballaahu matsalan kalimatan thayyibatan kasyajaratin thay yibatin ashluhaa tsaabituw wa far'uhaa fissamaa'.

25. Wit mau saben mangsa nuwuhake woh kalawan idzining Allah Pangerane. Lan Allah andamel sanepa iku tumrap para manungsa, supaya dheweke padha gelem eling!

٢٥. تُؤْتِىْٓ اُكُلَهَا كُلَّ حِيْنٍ بِاِذْنِ رَبِّهَا ۗ وَيَضْرِبُ اللّٰهُ
الْاَمْثَالَ لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُوْنَ ٥

Tu'tii ukulahaa kulla hiinim bi-idzni rabbihaa, wa yadhribul-laahul amtsaala linnaasi la'allahum yatadzakkaruun.

26. Dene sanepane kalimah kang ala, yaiku kalimah musyrik, kaya dene sawijining wit kang ala, kang rungkad saka ing Bumi ora bisa tetep ngadeg, jalaran ora ana pokoke.

٢٦. وَمَثَلُ كَلِمَةٍ خَبِيْثَةٍ كَشَجَرَةٍ خَبِيْثَةِ ِۨاجْتُثَّتْ
مِنْ فَوْقِ الْاَرْضِ مَا لَهَا مِنْ قَرَارٍ ٥

Wamatsalu kalimatin khabiitsatin kasyajaratin khabiitsati (n)ijtutstsat min fauqil ardhi maa lahaa min qaraar.

27. Allah angukuhake imane wong-wong kang padha iman kalawan pocapan kang kukuh, Laa ilaaha illallaah, ana ing panguripan Donya lan ana ing Akherat. Lan Allah anyasarake wong-wong kang ambeg aniaya, lan Allah andamel wong-wong iku miturut saka kaparenging karsaNe.

٢٧. يُثَبِّتُ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِالْقَوْلِ الثَّابِتِ فِى الْحَيٰوةِ
الدُّنْيَا وَفِى الْاٰخِرَةِ ۚ وَيُضِلُّ اللّٰهُ الظّٰلِمِيْنَ ۙ وَ
يَفْعَلُ اللّٰهُ مَا يَشَآءُ ع ٥

Yutsabbitul-laahul ladziina aamanuu bil-qaulits tsaabiti fil-hayaatid dun-yaa wa fil-aakhirah, wa yudhillul-laahuzh zhaalimiin, wa yaf'alul-laahu maa yasyaa'.

Trajanging Pemimpin kang nyebabake rusaking ummat.

28. Apa sira durung sumurup wong-wong kang angganti kanugrahaning Allah nganggo kakafiran, lan ngenggonake kaum-kaume ana ing panggonan karusakan?

٢٨. اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ بَدَّلُوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ كُفْرًا وَّاَحَلُّوْا
قَوْمَهُمْ دَارَ الْبَوَارِ ۙ ٥

547). Kalimah ingkang sae utawi kalimat tauhid, punika sadaya ucapan ingkang ajak-ajak kasaenan lan nyegah kamungkaran, kadosta kalimat "laa ila ha illallah" Boten wonten Pepundhen, kajawi namung Allah)", „yaa hayyu yaa qayyuum birahmatika astaghiets" (Dhuh Pangeran ingkang Sugeng, Dhuh Pangeran ingkang Jumeneng pribadi, kula nyuwun pitulung sarana Sih Tuwan!), "Radhiitu billaahi robban wabil Islaami diinan Wabi Muhammadin s.a.w nabiyyaw wa rasuulan" (Kula sampun lega-lila lan marem ngumawula ing Allah lan ngrungkebi Agami Islam sarta ngakeni Andika Nabi Muhammad jumeneng Nabi lan dados Utusaning Pangeran), lan sanes-sanesipun.

Alam tara ilalladziina baddaluu ni'matallaahi kufraw wa ahalluu qaumahum daaral bawaar.

29. Dheweke padha mlebu Naraka Jahanam, lan yaiku ala-alane panggonan kang tetep.

٢٩. جَهَنَّمَ يَصْلَوْنَهَا ۖ وَبِئْسَ الْقَرَارُ ۝

Jahannama yashlaunahaa wa bi'sal qaraar.

30. Lan wong-wong musyrik padha ndadekake sekuthon tumraping Allah, supaya nyasarake para manungsa saka AgamaNe. Dhawuha sira Muhammad: "Mara padha seneng-senenga sira, ana ing kakafiran, jalaran sanyatane panggonan balinira iku ana ing Naraka".

٣٠. وَجَعَلُوا لِلَّهِ أَندَادًا لِّيُضِلُّوا عَن سَبِيلِهِ ۗ قُلْ تَمَتَّعُوا فَإِنَّ مَصِيرَكُمْ إِلَى النَّارِ ۝

Wa ja'aluu lillaahi andaadal liyudhilluu 'an sabiilih, qul tamatta'uu fa-inna mashiirakum ilan-naar.

31. Dhawuha sira Muhammad marang kawulanIngsung kang padha iman: "Sira padha nindakna Shalat, lan ananjake sabagean saka barang kang wus Ingsun paringake marang sira, sesidheman lan ngedheng, sadurunge katekan dina kang ing kono wus ora ana dol tinuku maneh, lan ora ana kanca kang bisa nulungi.

٣١. قُل لِّعِبَادِيَ الَّذِينَ آمَنُوا يُقِيمُوا الصَّلَاةَ وَيُنفِقُوا مِمَّا رَزَقْنَاهُمْ سِرًّا وَعَلَانِيَةً مِّن قَبْلِ أَن يَأْتِيَ يَوْمٌ لَّا بَيْعٌ فِيهِ وَلَا خِلَالٌ ۝

Qul li'ibaadiyal ladziina aamanuu yuqiimush shalaata wa yunfiquu mimmaa razaqnaahum sirraw wa 'alaa niyatam min qabli ay-ya'tiya yaumul laa bai'un fiihi walaa khilaal.

32. Allah kang wus nitahake pirang-pirang Langit lan Bumi sarta PanjenenegaNe nurunake banyu saka Langit, nuli ngetokake sawarnaning woh-wohan kalawan banyu iku minangka dadi rezeki tumrap sira kabeh, lan PanjenengaNe nundhukake prahu supaya layar ana ing Sagara kalawan dhawuhe lan PanjenengaNe nundhukake kali-kali kanggo kamanfa'atanira.

٣٢. اللَّهُ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَأَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَخْرَجَ بِهِ مِنَ الثَّمَرَاتِ رِزْقًا لَّكُمْ ۖ وَسَخَّرَ لَكُمُ الْفُلْكَ لِتَجْرِيَ فِي الْبَحْرِ بِأَمْرِهِ ۖ وَسَخَّرَ لَكُمُ الْأَنْهَارَ ۝

Allaahul ladzii khalaqas samaawaati wal ardha wa anzala minas-samaa-i maa-an fa-akhraja bihii minats-tsamaraati rizqal lakum, wa sakhkhara lakumul fulka li-tajrii fil-bahri bi-amrih, wa sakhkhara lakumul anhaar.

33. Lan PanjenengaNe nundhukake Srengenge lan Rembulan kanggo sira, kang tansah mlaku, lan nuduhake wengi kelawan rina tumrap sira.

٣٣. وَسَخَّرَ لَكُمُ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ دَائِبَيْنِ ۖ وَسَخَّرَ لَكُمُ اللَّيْلَ وَالنَّهَارَ ۝

Wa sakhkhara lakumusy syamsa wal qamara daa-ibain, wa sakhkhara lakumul laila wannahaar.

34. Lan PanjenengaNe maringi sira kabeh apa bae barang kang sira suwun, lan manawa sira ngetung kani'mataning Allah, mesthi sira ora bisa ngetung, sanyata manungsa iku sayekti nganiaya lan kafir.

٣٤. وَاٰتٰىكُمْ مِّنْ كُلِّ مَا سَاَلْتُمُوْهُ ۗ وَاِنْ تَعُدُّوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ لَا تُحْصُوْهَا ۗ اِنَّ الْاِنْسَانَ لَظَلُوْمٌ كَفَّارٌ ۝

Wa aataakum min kulli maa sa-altumuuh, wa-in ta'udduu ni'matal-laahi laa tuhshuuhaa, innal-insaana lazhaluumun kaffaar.

Panuwune Nabi Ibrahim a.s.

35. Lan nyritakna Muhammad, nalika Ibrahim matur: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka andadosaken Negari punika aman santosa, sarta mugi Paduka nebihna ing kawula sarta tedhak turun kawula sampun ngantos nyembah brahala".

٣٥. وَاِذْ قَالَ اِبْرٰهِيْمُ رَبِّ اجْعَلْ هٰذَا الْبَلَدَ اٰمِنًا وَّاجْنُبْنِيْ وَبَنِيَّ اَنْ نَّعْبُدَ الْاَصْنَامَ ۝

Wa-idz qaala ibraahiimu rabbij'al haadzal balada aaminaw wajnubnii wa baniyya an-na'budal ashnaam.

36. "Dhuh Pangeran kawula! Saestunipun brahala-brahala punika sampun nyasaraken tiyang kathah. Mila sok sintena ingkang manut ing kawula, piyambakipun punika dados golongan kawula, dene sinten ingkang ambangkang dhateng kula, saestunipun Paduka punika Maha Ngapura, tuwin Maha Asih.

٣٦. رَبِّ اِنَّهُنَّ اَضْلَلْنَ كَثِيْرًا مِّنَ النَّاسِ ۚ فَمَنْ تَبِعَنِيْ فَاِنَّهٗ مِنِّيْ ۚ وَمَنْ عَصَانِيْ فَاِنَّكَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Rabbi innahunna adhlalna katsiiram minan-naas, faman tabi'anii fa-innahuu minnii, waman 'ashaanii fa-innaka ghafuurur rahiim.

37. "Dhuh Pangeran kawula! Saestunipun kawula sampun ngenggenaken sabageyan anak turun kawula wonten ing jurang ingkang datan wonten tetanemanipun, inggih punika Dalem Paduka Baitullah, ingkang minulya. Dhuh Pangeran kawula! Kawula ngenggenaken tedhak turun kawula wau, supados sami nindakaken Sholat. Jalaran saking punika, mugi manahipun para manungsa, Paduka condhongaken dhateng panggenan punika, sarta mugi Paduka paring rezeki dhateng tetiyang wau rupi woh-wohan, mugi-mugi piyambakipun sami syukur!"

٣٧. رَبَّنَآ اِنِّيْٓ اَسْكَنْتُ مِنْ ذُرِّيَّتِيْ بِوَادٍ غَيْرِ ذِيْ زَرْعٍ عِنْدَ بَيْتِكَ الْمُحَرَّمِ ۙ رَبَّنَا لِيُقِيْمُوا الصَّلٰوةَ فَاجْعَلْ اَفْـِٕدَةً مِّنَ النَّاسِ تَهْوِيْٓ اِلَيْهِمْ وَارْزُقْهُمْ مِّنَ الثَّمَرٰتِ لَعَلَّهُمْ يَشْكُرُوْنَ ۝

Rabbanaa innii askantu min dzurriyyatii biwaadin ghairi dzii zar'in 'inda baitikal muharram, rabbanaa liyuqiimush shalaata faj'al af-idatam minan-naasi tahwii ilaihim warzuqhum minats tsamaraati la'allahum yasykuruun.

38. "Dhuh Pangeran kawula! Saestunipun Paduka angawuningani sadaya ingkang kawula sidhem, lan sadaya ingkang kawula dhengaken. Sarta sekedhik kemawon boten wonten ingkang samar tumraping Allah, sadaya wau senadyan ingkang wonten ing Bumi tuwin ingkang wonten ing Langit".

٣٨. رَبَّنَآ إِنَّكَ تَعْلَمُ مَا نُخْفِى وَمَا نُعْلِنُ ۗ وَمَا يَخْفَىٰ عَلَى ٱللَّهِ مِن شَىْءٍ فِى ٱلْأَرْضِ وَلَا فِى ٱلسَّمَآءِ ۝

Rabbanaa innaka ta'lamu maa nukhfii wamaa nu'lin, wamaa yakhfaa 'alallaahi min syai-in fil ardhi walaa fissamaa'.

39. "Sadaya puji-syukur kagungan nDalem Allah, ingkang sampun paring anak, wekdal kawula sampun ndungkap sepuh, inggih punika Isma'il, tuwin Ishaq, sayektos paduka punika Pangeran kawula ingkang Miarsa sadaya pandonga!"

٣٩. ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى وَهَبَ لِى عَلَى ٱلْكِبَرِ إِسْمَٰعِيلَ وَإِسْحَٰقَ ۚ إِنَّ رَبِّى لَسَمِيعُ ٱلدُّعَآءِ ۝

Alhamdu lillaahil-ladzii wahaba lii 'alal kibari ismaa'iila wa is-haaq, inna rabbii lasamii'ud du'aa'.

40. "Dhuh Pangeran kawula! Mugi ndadosna ing kawula tiyang ingkang nindakaken shalat, tuwin tedhak turun kawula. Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka nampi panuwun-pandonga kawula!"

٤٠. رَبِّ ٱجْعَلْنِى مُقِيمَ ٱلصَّلَوٰةِ وَمِن ذُرِّيَّتِى ۚ رَبَّنَا وَتَقَبَّلْ دُعَآءِ ۝

Rabbij'alnii muqiimash shalaati wamin dzurriyyatii rabbanaa wataqabbal du'aa'.

41. "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka paring pangapunten dhateng kawula, tuwin tiyang sepuh kawula kekalih, sarta tetiyang Mu'min, wonten ing dinten kelampahanipun papriksan benjing dinten Qiyamat".

٤١. رَبَّنَا ٱغْفِرْ لِى وَلِوَٰلِدَىَّ وَلِلْمُؤْمِنِينَ يَوْمَ يَقُومُ ٱلْحِسَابُ ۝

Rabbanagh-firlii waliwaalidayya wa lil-mu'miniina yauma yaquumul hisaab.

Hukume wong kang ambalela (zhalim) marang Allah.

42. Lan poma dipoma Utusan sira, aja duwe pangira manawa Allah iku kasupen marang tumindake wong-wong kang zalim; satemene Allah nyrantekake marang wong-wong mau, mung ngenteni tekan dinane kabeh pandelenge wong kafir padha mblalak akedhep tesmak.

٤٢. وَلَا تَحْسَبَنَّ ٱللَّهَ غَٰفِلًا عَمَّا يَعْمَلُ ٱلظَّٰلِمُونَ ۚ إِنَّمَا يُؤَخِّرُهُمْ لِيَوْمٍ تَشْخَصُ فِيهِ ٱلْأَبْصَٰرُ ۝

Walaa tahsabannal-laaha ghaafilan 'ammaa ya'maluzh zhaalimuun, innamaa yu-akhkhiruhum liyaumin tasykhashu fiihil abshaar.

43. Dheweke padha enggal-enggal ngadhep marang kang nimbali, lan ngangkat sirahe, pandelenge ora kedhep-kedhep, sarta atine kothong blong.

٤٣. مُهْطِعِينَ مُقْنِعِى رُءُوسِهِمْ لَا يَرْتَدُّ إِلَيْهِمْ طَرْفُهُمْ ۖ وَأَفْـِٔدَتُهُمْ هَوَآءٌ ۝

Muhthi'iina muqni'ii ru-uusihim laa yartadduuilaihim tharfuhum, wa af-idatuhum hawaa'.

٤٤. وَأَنْذِرِ النَّاسَ يَوْمَ يَأْتِيهِمُ الْعَذَابُ فَيَقُولُ الَّذِينَ ظَلَمُوا رَبَّنَا أَخِّرْنَا إِلَىٰ أَجَلٍ قَرِيبٍ نُّجِبْ دَعْوَتَكَ وَنَتَّبِعِ الرُّسُلَ ۗ أَوَلَمْ تَكُونُوا أَقْسَمْتُم مِّن قَبْلُ مَا لَكُم مِّن زَوَالٍ ۝

44. Lan sira ngelingana para manungsa, ing dina tekaning siksa mau marang dheweke, wong-wong kang nganiaya nuli matur: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka nyrantosaken kawula sakedhap kemawon (kawangsulna dhateng Donya malih), tamtu kawula nglampahi dhawuh Paduka, tuwin kawula andherek dhumateng para Utusan". Dhawuhing Allah: "Apa dhek biyen sira durung sumpah, yen sira tetep ora owah-gingsir ana ing Donya, lan tetep ora ditangekake maneh saka kubur?"

Wa andzirin naasa yauma ya'tiihimul 'adzaabu fayaquulul ladziina zhalamuu rabbanaa akhkhirnaa ilaa ajalin qariib, nujib da'wataka wa nattabi'ir rusul, awalam takuunuu aqsamtum min qablu maa lakum min zawaal.

٤٥. وَسَكَنتُمْ فِي مَسَاكِنِ الَّذِينَ ظَلَمُوا أَنفُسَهُمْ وَتَبَيَّنَ لَكُمْ كَيْفَ فَعَلْنَا بِهِمْ وَضَرَبْنَا لَكُمُ الْأَمْثَالَ ۝

45. Lan satemene sira kabeh wus manggon ana ing panggonane wong-wong kang nganiaya awake dhewe, sarta wus tetela tumrap sira kabeh, kapriye Ingsun wus tumindak marang wong-wong iku; apa sira ora ngalap tulodho? Lan Ingsun wus andamel patuladhan tumrap sira kabeh.

Wa sakantum fii masaakinil ladziina zhalamuu anfusahum wa tabayyana lakum kaifa fa'alnaa bihim wa dharabnaa lakumul amtsaal.

Kabeh paekane wong ala bakal cabar!

٤٦. وَقَدْ مَكَرُوا مَكْرَهُمْ وَعِندَ اللَّهِ مَكْرُهُمْ وَإِن كَانَ مَكْرُهُمْ لِتَزُولَ مِنْهُ الْجِبَالُ ۝

46. Lan satemene dheweke wus padha gawe paekan, nanging piwales paekane ana ing ngarsaning Allah, sanajan paekane iku bisa njugrugake Gunung.

Waqad makaruu makrahum wa 'indallaahi makruhum, wa-in kaana makruhum litazuula minhul jibaal.

٤٧. فَلَا تَحْسَبَنَّ اللَّهَ مُخْلِفَ وَعْدِهِ رُسُلَهُ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ ذُو انتِقَامٍ ۝

47. Lan poma dipoma sira aja duwe pangira yen Allah iku anyulayani janjiNe, satemene Allah iku Maha Gagah sarta kang Kagungan siksa.

Falaa tahsabannallaaha mukhlifa wa'dihii rusulah, innallaaha 'aziizun dzuntiqaam.

٤٨. يَوْمَ تُبَدَّلُ الْأَرْضُ غَيْرَ الْأَرْضِ وَالسَّمَاوَاتُ وَبَرَزُوا لِلَّهِ الْوَاحِدِ الْقَهَّارِ ۝

48. Yaiku ing dina nalika Bumi diganti Bumi liya lan mengkono uga Langit diganti sifate, nuli wong-wong iku padha njedhul saka kubure, padha ngadhep sumungkem

marang Allah kang Maha Esa, tur Maha Misesa.

Yauma tubaddalul ardhu ghairal ardhi wassamaawaatu wa barazuu lillaahil waahidil qahhaar.

49. Lan ana ing dina iku, sira bakal sumurup wong-wong kang dosa padha ditaleni, direnteng bareng kanca-kancane.

٤٩. وَتَرَى الْمُجْرِمِينَ يَوْمَئِذٍ مُقَرَّنِينَ فِي الْأَصْفَادِ ٥

Wataral mujrimiina yauma-idzim muqarbiina fil ashfaar.

50. Sandhangane saka geni kang wus dadi mawa, lan raine banjur katutupan dening genine.

٥٠. سَرَابِيلُهُم مِّن قَطِرَانٍ وَتَغْشَىٰ وُجُوهَهُمُ النَّارُ ٥

Saraabiiluhum min qathiraaniw wa taghsyaa wujuuhahumun naar.

51. Karsane Allah males marang kabeh badan, apa wahe kang wus ditindakake, sanyata Allah iku Rikat banget pangisabe.

٥١. لِيَجْزِيَ اللَّهُ كُلَّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ ۚ إِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ٥

Liyajziyallaahu kulla nafsim maa kasabat, innallaaha sarii'ul hisaab.

52. Quraan iku wus katekake marang para manungsa, supaya dheweke padha dielingake kalawan Quraan mau, lan supaya wong-wong padha sumurup yen satemene Panjenengane Allah iku Pangeran kang Suwiji (Siji ora ana tunggale), lan supaya elinga wong-wong kang padha duwe 'akal.

***)

٥٢. هَٰذَا بَلَاغٌ لِّلنَّاسِ وَلِيُنذَرُوا بِهِ وَلِيَعْلَمُوا أَنَّمَا هُوَ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ وَلِيَذَّكَّرَ أُولُو الْأَلْبَابِ ٥

Haadzaa balaaghul linnaasi wa liyundzaruubihii wa liya'lamuu annamaa huwa ilaahuw waahiduw waliyadzdzakkra ulul albaab.

***). Sumongga para sutrisna kita damel tela'ah bandhingan utawi comperative study of Quran, ing antawisipun surat Ibrahim lan surat Al Hijr kados ingkang kaweca ngandhap punika:

1. Kekalihipun sami-sami dipun purwakani kanthi **Aliif Laam Raa'**, sarta sami dene anerangaken sifat-sifatipun Quraan.

2. Ing surat Ibrahim, Gusti Allah angenalaken bilih Al Quraan punika nenuntun manungsa ing margining Allah (Agama), dene wonten ing surat Al Hijr, Gusti Allah nambah malih bilih Al Quran punika tetep kajagi dening Allah pribadi kamurnianipun ing salami-laminipun.

3. Kekalihipun sami-sami nyejarahaken parjoanganipun Nabi Ibrahim a.s. (wursita).

4. Sarta kekalihipun sami-sami anerangaken kaelokanipun sarta hikmah kawigatosanipun tumitahing Langit lan Bumi, saisinipun ingkang sarwa materiil utawi immateriil, Manungsa, lan lingkunganipun (fauna, flora sarta hukum-hukum nalurinipun), sanaosa katerangan wau sarana cekak-aos!

5. Makaten ugi kekalihipun nyriosaken sejarahipun para andika Rasul ing zaman rumiyin, kangge ngenggar-enggar manah sarta saged kapethik hikmah sarta tepa palupi lan filsafah-sejarahipun!



AL HIJR (WATU GUNUNG)

Surat kaping 15 : 99 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 87 tumurunake ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Yusuf.

Kalawan asma Allah kang-Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kamurnene Quraan lan kamenangane Islam ditanggung dening Allah s.w.t.

1. Alif, Laam, Raa. (hamung Allah pribadi ingkang ngudaneni maksude). Iku Ayat-Ayate Kitab kang sampurna, lan Quraan iku kang paring pratela barang haq lan nyata.

١ - الٓرٰ تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ وَ قُرْاٰنٍ مُّبِيْنٍ ۝

Alif Laam Raa; tilka aayaatul kitaabi wa qur-aanim mubiin.

JUZ 14

2. Kala-kala wong kang padha kafir iku kepengin saupama dhek isih ana ing Donya dadi wong Islam wae.

٢ - رُبَمَا يَوَدُّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَوْ كَانُوْا مُسْلِمِيْنَ ۝

Rubamaa yawaddul ladziina kafaruu lau kaanuu muslimiin.

3. Muhammad! Wong mau ujanen bae, kareben padha mangan, lan padha seneng-seneng sadhela, lan ketungkul ngalamun saben dina; ing kono dheweke mesthi bakal padha mangerti wusanane.

٣ - ذَرْهُمْ يَاْكُلُوْا وَ يَتَمَتَّعُوْا وَ يُلْهِهِمُ الْاَمَلُ فَسَوْفَ يَعْلَمُوْنَ ۝

Dzarhum ya'kuluu wa yatamatta'uu wa yulhihimul amalu fasaufa ya'lamuun.

4. Lan Ingsun ora ngrusak sawijining Negara, kajaba yen ing kono wus ana titimangsa kang ditetepake.

٤ - وَمَآ اَهْلَكْنَا مِنْ قَرْيَةٍ اِلَّا وَلَهَا كِتَابٌ مَّعْلُوْمٌ ۝

Wamaa ahlaknaa min qaryatin illaa wa lahaa kitaabum ma'luum.

٥ - مَا تَسْبِقُ مِنْ أُمَّةٍ أَجَلَهَا وَمَا يَسْتَأْخِرُونَ ٥

5. Ora ana mangsa ajale sawijining wong iku andhisiki wektune, lan uga ora ana sing ngereni.

Maa tasbiqu min ummatin ajalahaa wa maa yasta'khiruun.

٦ - وَقَالُوا يَا أَيُّهَا الَّذِي نُزِّلَ عَلَيْهِ الذِّكْرُ إِنَّكَ لَمَجْنُونٌ ٥

6. Wong-wong mau padha ngucap: "Oo tiyang ingkang dipun turuni Quraan, saleres ipun sampeyan punika tiyang kesurupan".

Wa qaaluu yaa ayyuhal ladzii nuzzila 'alaihidz dzikru innaka lamajnuun.

٧ - لَوْ مَا تَأْتِينَا بِالْمَلَائِكَةِ إِنْ كُنْتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ٥

7. "Kados pundi rawuh panjenengan teka boten kaliyan ndhatengaken Malaikat, manawi sampeyan punika kalebet golonganipun tiyang leres?"

Lau maa ta'tiinaa bil malaa-ikati in-kunta minash shaadiqiin.

٨ - مَا نُنَزِّلُ الْمَلَائِكَةَ إِلَّا بِالْحَقِّ وَمَا كَانُوا إِذًا مُنْظَرِينَ ٥

8. Ingsun ora bakal ngutus Malaikat, kajaba kanthi nyata anggawa siksa, ing kono wong-wong mau wis ora padha disarantekake maneh.

Maa nuzzilul malaa-ikata illaa bilhaqqi wamaa kaanuu idzam munzhariin.

٩ - إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ ٥

9. Satemene Ingsun pribadi kang wus nurunake Al-Quraan, lan Ingsun pribadi kang anjaga ing Quraan iku! 548)

Innaa nahnu nazzalnadz dzikra wa innaa lahuu lahaafizhuun.

١٠ - وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ فِي شِيَعِ الْأَوَّلِينَ ٥

10. Lan sayekti Ingsun wus ngutus Utusan wiwit sadurungira, marang bangsane wong kuna-kuna.

Walaqad arsalnaa min qablika fii syi-ya'il awwaliin.

١١ - وَمَا يَأْتِيهِمْ مِنْ رَسُولٍ إِلَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ٥

11. Lan sawijining Utusan ora ana kang rawuh marang wong-wong mau, kajaba mesthi mung tansah dipoyoki.

Wamaa ya'tiihim mir rasuulin illaa kaa-nuu bihii yastahzi-uun.

١٢ - كَذَلِكَ نَسْلُكُهُ فِي قُلُوبِ الْمُجْرِمِينَ ٥

12. Ya kaya mangkono iku Ingsun ngisekake sifat kekafiran lan ngremehake marang atine wong kang padha duraka.

Kadzaalika naslukuhuu fii quluubil muj-rimiin.

548). Maksudipun Gusti Allah piyambak ingkang anjagi kamurnianipun Al Quraan punika ing salami-laminipun.

13. Wong-wong mau ora padha iman marang Quraan, lan perkara iki nyatane wus kapungkur (sunnatullah) jaman lelakone wong-wong kuna biyen. 549)

١٣- لَا يُؤْمِنُونَ بِهٖ وَقَدْ خَلَتْ سُنَّةُ الْاَوَّلِيْنَ ۝

Laa yu'minuuna bihii waqad khalat sunnatul awwaliin.

14. Saupama Ingsun ambukakake lawang-ing Langit marang wong-wong iku, dheweke banjur terus padha menek, nuli bisa andeleng Karatoning Langit; nanging sanajana mangkonowa wong-wong mau ora gelem percaya!

١٤- وَلَوْ فَتَحْنَا عَلَيْهِمْ بَابًا مِّنَ السَّمَآءِ فَظَلُّوْا فِيْهِ يَعْرُجُوْنَ ۝

Walau fatahnaa 'alaihim baabam minas samaa-i fazhalluu fiihi ya'rujuun.

15. Sayekti wong-wong mau padha ngucap: "Satemene pandelengku kabeh diwalik (tutup), malah aku kabeh iki tetep wong kang disihir".

١٥- لَقَالُوْٓا اِنَّمَا سُكِّرَتْ اَبْصَارُنَا بَلْ نَحْنُ قَوْمٌ مَّسْحُوْرُوْنَ ۝

Laqaaluu innamaa sukkirat abshaarunaa bal nahnu qaumum mas-huuruun.

Kawasesaning Allah iku nglimputi sa-'alam jagad pramudita.

16. Lan sanyata Ingsun wus maesi Langit mau kalawan Lintang-lintang tumrap wong kang gelem andeleng.

١٦- وَلَقَدْ جَعَلْنَا فِي السَّمَآءِ بُرُوْجًا وَّزَيَّنّٰهَا لِلنّٰظِرِيْنَ ۝

Walaqad ja'alnaa fis-samaa-i buruujaw wa zayyannaahaa linnaazhiriin.

17. Lan Ingsun wus anjaga Langit iku saka kabeh pakartine syetan kang diranjam.

١٧- وَحَفِظْنٰهَا مِنْ كُلِّ شَيْطٰنٍ رَّجِيْمٍ ۝

Wa hafizhnaahaa min kulli syaithaanir rajiim.

18. Kajaba syetan-syetan kang nyolong kabar sing dirungu Malaikat, tumuli syetan mau dioyak dening semburan geni kang murub!

١٨- اِلَّا مَنِ اسْتَرَقَ السَّمْعَ فَاَتْبَعَهٗ شِهَابٌ مُّبِيْنٌ ۝

Illaa manis-taraqas sam'a fa-atba'ahuu syihaabum mubiin.

19. Lan Bumi wus Ingsun jereng, sarta Ingsun wus nyelehake pathokan-pathokan Gunung ana ing kono, sarta Ingsun wus metokake ana ing kono samubarang kang sarwa miturut ukuran.

١٩- وَالْاَرْضَ مَدَدْنٰهَا وَاَلْقَيْنَا فِيْهَا رَوَاسِيَ وَاَنْۢبَتْنَا فِيْهَا مِنْ كُلِّ شَيْءٍ مَّوْزُوْنٍ ۝

Wal ardha madadnaahaa wa alqainaa fiihaa rawaasiya wa ambatnaa fiihaa min kulli syai-im mauzuun.

549). Artosipun sintena kemawon kaum ingkar dhumateng Da'wah utawi Kautusipun para Andika Rasul, Gusti Allah badhe nyirnakake sarana siksa (bebendunipun); punika maksudipun kalebet sunnatullah (katamtuaning Allah ingkang lestantun boten ewah-ewah).

20. Lan uga Ingsun wus ndadekake panguripan kanggo sira kabeh, ana ing kono, sarta kewan-kewan kang babar pisan dudu sira kabeh sing menehi rezeki.

٢٠. وَجَعَلْنَا لَكُمْ فِيهَا مَعَايِشَ وَمَنْ لَسْتُمْ لَهُ بِرَازِقِينَ ٥

Wa ja'alnaa lakum fiihaa ma'aayisya wamal-lastum lahuu biraaziqiin.

21. Ora ana sawiji bae barang perkara, kajaba simpenane (sumbere) ana ing ngarsan-Ingsun; lan Ingsun ora nurunake udan, kajaba miturut kadar kang wus dipasthekake.

٢١. وَإِنْ مِنْ شَيْءٍ إِلَّا عِنْدَنَا خَزَائِنُهُ وَمَا نُنَزِّلُهُ إِلَّا بِقَدَرٍ مَعْلُومٍ ٥

Wa-im min syai-in illaa 'indanaa khazaainuhuu wamaa nunazziluhuu illaa biqadarim ma'luum.

22. Lan Ingsun wus ngutus angin kanggo njodhokake thethukulan, Ingsun nuli nurunake banyu udan saka Langit, sarta banjur Ingsun siramake marang sira kabeh, lan sira kabeh babar pisan dudu sing nyimpen!

٢٢. وَأَرْسَلْنَا الرِّيَاحَ لَوَاقِحَ فَأَنْزَلْنَا مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَسْقَيْنَاكُمُوهُ وَمَا أَنْتُمْ لَهُ بِخَازِنِينَ ٥

Wa arsalnar riyaaha lawaaqiha fa-anzalnaa minas-samaa-i maa-an fa-asqainaakumuuhu wamaa antum lahuu bikhaaziniin.

23. Lan sanyata Ingsun kang gawe urip, lan kang gawe pati, lan Ingsun kang kagungan kabeh warisaning Langit lan Bumi.

٢٣. وَإِنَّا لَنَحْنُ نُحْيِي وَنُمِيتُ وَنَحْنُ الْوَارِثُونَ ٥

Wa-innaa lanahnu nuhyii wa numiitu wa nahnul waaritsuun.

24. Lan sanyata Ingsun wus nguningani marang wong-wong kang luwih dhisik katimbang sira kabeh, wong kuna-kuna, lan temen Ingsun uga wus nguningani marang wong-wong kang padha kari, yaiku wong saiki.

٢٤. وَلَقَدْ عَلِمْنَا الْمُسْتَقْدِمِينَ مِنْكُمْ وَلَقَدْ عَلِمْنَا الْمُسْتَأْخِرِينَ ٥

Walaqad 'alimnal mustaqdimiina minkum walaqad 'alimnal musta'khiriin.

25. Lan satemene Pangeranira iku kang bakal ngumpulake wong-wong mau kabeh; sanyata PanjenengaNe iku kang Maha Wicaksana sarta Maha Ngawuningani.

٢٥. وَإِنَّ رَبَّكَ هُوَ يَحْشُرُهُمْ إِنَّهُ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ٥

Wa inna rabbaka huwa yahsyuruhum innahuu hakiimun 'aliim.

26. Lan temen Ingsun wus anitahake manungsa iku maune saka lemah kang garing tur ireng kang dirupakake.

٢٦. وَلَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ مِنْ صَلْصَالٍ مِنْ حَمَإٍ مَسْنُونٍ ٥

Walaqad khalaqnal insaana min shal-shaalim min hama-im masnuun.

27. Lan Ingsun anitahake jin sadurunge nitahake manungsa, katitahake saka geni kang panas banget!

٢٧. وَالْجَآنَّ خَلَقْنٰهُ مِنْ قَبْلُ مِنْ نَّارِ السَّمُوْمِ ۝

Waljaanna khalaqnaahu min qablu min naaris-samuum.

Kadadeyaning manungsa miturut Islam.

28. Lan (nyritakna Muhammad) nalika Pangeranira paring pangandika marang para Malaikat: "Sanyata Ingsun anitahake manungsa saka lemah kang garing, tur ireng kang dirupakake".

٢٨. وَاِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلٰٓئِكَةِ اِنِّيْ خَالِقٌۢ بَشَرًا مِّنْ صَلْصَالٍ مِّنْ حَمَاٍ مَّسْنُوْنٍ ۝

Wa-idz qaala rabbuka lilmalaa-ikati innii khaaliqum basyaram min shalshaalim min hama-im masnuun.

29. "Dene manawa wus Ingsun sampurnake, lan wus Ingsun damu Roh Ingsun ana ing kono, sira kabeh para Malaikat banjur padha sujuda 550) marang dheweke manungsa!"

٢٩. فَاِذَا سَوَّيْتُهٗ وَنَفَخْتُ فِيْهِ مِنْ رُّوْحِيْ فَقَعُوْا لَهٗ سٰجِدِيْنَ ۝

Fa-idzaa sawwaituhuu wa nafakhtu fiihi mir-ruuhii faqa'uu lahuu saajidiin.

30. Para Malaikat mau kabeh banjur bebarengan padha sujud!

٣٠. فَسَجَدَ الْمَلٰٓئِكَةُ كُلُّهُمْ اَجْمَعُوْنَ ۙ

Fasajadal malaa-ikatu kulluhum ajma-'uun.

31. Kajaba iblis, dheweke mbangkang, ora gelem bebarengan melu sujud.

٣١. اِلَّآ اِبْلِيْسَ اَبٰٓى اَنْ يَّكُوْنَ مَعَ السّٰجِدِيْنَ ۝

Illaa ibliis, abaa ay-yakuuna ma'as-saajidiin.

32. Allah ngandika: "He iblis, apa jalarane teka sira ora gelem melu sujud?"

٣٢. قَالَ يٰٓاِبْلِيْسُ مَا لَكَ اَلَّا تَكُوْنَ مَعَ السّٰجِدِيْنَ ۝

Qaala yaa ibliisu maa laka allaa takuuna ma'as-saajidiin.

550). Ingkang dipun maksud sujud punika caos pakurmatan, sanes manembah kados sujud ing Shalat-fardhu.

33. Ature iblis: "Kawula boten badhe babar pindhah purun tumut sujud dhateng manungsa ingkang Paduka titahaken saking siti ingkang garing, tur cemeng, ingkang dipun rupekaken!"

٣٣. قَالَ لَمْ أَكُنْ لِأَسْجُدَ لِبَشَرٍ خَلَقْتَهُ مِنْ صَلْصَالٍ مِنْ حَمَإٍ مَسْنُونٍ ٥

Qaala lam akul li-asjuda libasyarin khalaqtahuu min shalshaalim min hama-im masnuun.

34. Allah ngandika: "Enggal sira minggata! satemene sira iku diranjam!"

٣٤. قَالَ فَاخْرُجْ مِنْهَا فَإِنَّكَ رَجِيمٌ ٥

Qaala fakhruj minhaa fa-innaka rajiim.

35. "Lan sanyata la'nat iku tetep tumrap sira, tumeka dina Qiyamat".

٣٥. وَإِنَّ عَلَيْكَ اللَّعْنَةَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ ٥

Wa-inna 'alaikal la'nata ilaa yaumiddiin.

36. Iblis matur: "Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka karsa nyarantosaken dhateng kawula ngantos dumugi dintenipun sadaya makhluk dipun tangekaken". 551)

٣٦. قَالَ رَبِّ فَأَنْظِرْنِي إِلَى يَوْمِ يُبْعَثُونَ ٥

Qaala rabbi fa-anzhirnii ilaa yaumi yub'atsuun.

37. Pangandikane Allah: "Satemene sira kalebu golongane wong-wong kang disarantekake".

٣٧. قَالَ فَإِنَّكَ مِنَ الْمُنْظَرِينَ ٥

Qaala fa-innaka minal munzhariin.

38. "Tumeka ing dina mangsane kang wus dipasthekake". 552)

٣٨. إِلَى يَوْمِ الْوَقْتِ الْمَعْلُومِ ٥

Ilaa yaumil waqtil ma'luum.

39. Iblis munjuk maneh: "Dhuh Pangeran kawula, jalaran Paduka sampun nyasaraken dhateng kawula, mila kawula tamtu badhe andadosaken para manungsa rumaos sae (tumindak maksiyat) wonten ing Bumi, sarta kawula badhe nyasaraken saestu dhateng tetiyang wau sadaya".

٣٩. قَالَ رَبِّ بِمَا أَغْوَيْتَنِي لَأُزَيِّنَنَّ لَهُمْ فِي الْأَرْضِ وَلَأُغْوِيَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ٥

Qaala rabbi bimaa aghwaitanii la-uzayyina lahum fil ardhi wala-ughawwiyannahum ajma'iin.

---

551). Iblis gadhah panuwun supados boten dipun siksa ing kala samanten, ananging benjing ing dinten Qiyamat.

552). Dinten ingkang sampun katamtokaken inggih punika Qiyamat badhe dipun sebul terompet Shuri, lajeng para manungsa ingkang sampun sami pejah gesang malih, perlu badhe dipun hisab (dipun adili dening Gusti Allah).

40. "Kajawi kawula Paduka golonganipun tetiyang ingkang sami ihlas punika". 553)

٤٠ - إِلَّا عِبَادَكَ مِنْهُمُ الْمُخْلَصِينَ ٥

Illaa 'ibaadaka minhumul mukhlashiin.

41. Allah ngandika: "Iki tauhid, dalan kang marang Ingsun, kang bener". 554)

٤١ - قَالَ هٰذَا صِرَاطٌ عَلَيَّ مُسْتَقِيمٌ ٥

Qaala haadzaa shiraatun 'alayya mustaqiim.

42. "Sanyatane sira iblis, ora anduweni panguwasa lan kekuwatan marang kawulan-Ingsun, kajaba wong kang manut ing sira, yaiku wong-wong kang lacut".

٤٢ - إِنَّ عِبَادِي لَيْسَ لَكَ عَلَيْهِمْ سُلْطَانٌ إِلَّا مَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْغَاوِينَ ٥

Inna 'ibaadii laisa laka 'alaihim sulthaanun illaa manit-taba'aka minal ghaabiriin.

43. Lan satemene neraka Jahanam iku cawisane wong-wong kafir mau kabeh.

٤٣ - وَإِنَّ جَهَنَّمَ لَمَوْعِدُهُمْ أَجْمَعِينَ ٥

Wa-inna jahannama lamau'iduhum ajma'iin.

44. Naraka Jahanam iku ana lawange cacahe pitu, saben-saben lawang wis ana sing anduweni bageyan yaiku wadyabalane syetan kang wis ditamtokake.

٤٤ - لَهَا سَبْعَةُ أَبْوَابٍ لِكُلِّ بَابٍ مِنْهُمْ جُزْءٌ مَقْسُومٌ ٥

Lahaa sab'atu abwaab, likulli baabim minhum juz-um maqsuum.

45. Sanyata wong kang padha taqwa (bekti) ing Allah iku diparingi manggon ing Suwarga, lan ana kaline pirang-pirang kang padha ngetuk mili.

٤٥ - إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ٥

Innal muttaqiina fii jannaatiw wa'uyuun.

---

553). Inggih punika tetiyang ingkang pikantuk Pitedahing Pangeran manembah lan dhedhepe sarta ta'at nindakaken sadaya dhawuhing Allah, sarta nebihi sadaya pepacuhipun Pangeran; Dhuh para sutrisna saeba nikmatipun gesang makaten punika, lan saeba anggenipun tata titi-tentrem-karta lan raharja, sarta gemah ripah loh jinawi kabeh kang tinandur dadi; masyarakat ingkang sadaya warganipun makaten punika, inggih makaten punika sifatipun ("Baldatun thayyibatun wa robbun ghafur!"

554). Piwucal tauhid punika margi ingkang leres (lempeng) dumugi ing ka-ridhaning Allah, sanes marginipun tiyang **musyrik** lan tiyang **tahayyul** (damel-damel kapitadosan ingkang boten dhedhasar Quran lan Hadist), lan sanes marginipun tiyang-tiyang **khurafat** (damel-damel tatacara kados Agami kabrahalan ingkang boten wewaton Quran lan Hadist).

46. Didhawuhake marang wong-wong mau: "Sira kabeh padha lumebua ing Suwarga kalawan ati slamet lan aman". 555)

٤٦. اُدْخُلُوْهَا بِسَلٰمٍ اٰمِنِيْنَ ۝

Udkhuluhaa bisalaamin aaminiin.

47. Lan Ingsun ngilangi kadrengken kang ana ing atine wong-wong mau satemah dadi sadulure kabeh. Dheweke sapatemon arep-arepan ana ing kanthil padha seneng-seneng.

٤٧. وَنَزَعْنَا مَا فِيْ صُدُوْرِهِمْ مِّنْ غِلٍّ اِخْوَانًا عَلٰى سُرُرٍ مُّتَقٰبِلِيْنَ ۝

Wa naza'naa maa fii shuduurihim min ghillin ikhwaanan 'alaa sururim mutaqaabiliin.

48. Wong-wong mau ana ing Suwarga kono babar pisan ora krasa kesel lan ora kuwatir bakal diwetokake.

٤٨. لَا يَمَسُّهُمْ فِيْهَا نَصَبٌ وَّمَا هُمْ مِّنْهَا بِمُخْرَجِيْنَ ۝

Laa yamassuhum fiihaa nashabuw wamaa hum minhaa bimukhrajiin.

49. Nyaritakna sira Muhammad! Marang kawulanIngsun kabeh, yen satemene Ingsun iku kang Maha Ngapura tur Maha Asih.

٤٩. نَبِّئْ عِبَادِيْٓ اَنِّيْٓ اَنَا الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ ۝

Nabbi' 'ibaadii annii anal-ghafuurur rahiim.

50. Lan satemene siksanIngsun iku siksa kang banget nglarani.

٥٠. وَاَنَّ عَذَابِيْ هُوَ الْعَذَابُ الْاَلِيْمُ ۝

Wa-anna 'adzaabii huwal 'adzaabul aliim.

51. Lan nyaritakna Muhammad, marang kawulanIngsun kabeh bab tamu dhayohe Ibrahim.

٥١. وَنَبِّئْهُمْ عَنْ ضَيْفِ اِبْرٰهِيْمَ ۝

Wa nabbi'hum 'an dhaifi ibraahiim.

52. Nalika dheweke teka lumebu ing omahe Ibrahim, anggone ngucap: "Salam kasugengan", Ibrahim nampa salam sarta ngucap: "Sayektos kula ajrih dhumateng panjenengan".

٥٢. اِذْ دَخَلُوْا عَلَيْهِ فَقَالُوْا سَلٰمًا ۗ قَالَ اِنَّا مِنْكُمْ وَجِلُوْنَ ۝

Idz dakhaluu 'alaihi faqaaluu salaamaa, qaala innaa minkum wajiluun.

555). Artosipun wilujeng saking rubeda sarta aman utawi kalis saking ing sambekala, cekakipun Suwarga punika nikmat lan munfangat, eca lan sakeca salami-laminipun.

53. Para dhayoh matur: "Sampun ajrih, saleresipun perlu kula nyaosi khabar bingah ing jengandika, inggih punika jengandika badhe dipun paringi putra jaler ingkang pinter". 556)

٥٣. قَالُوا لَا تَوْجَلْ إِنَّا نُبَشِّرُكَ بِغُلَامٍ عَلِيمٍ ۝

Qaaluu laa taujal innaa nubasysyiruka bighulaamin 'aliim.

54. Ibrahim ngucap pitaken: "Kadospundi panjenengan teka paring khabar yen kula badhe gadhah anak, ing mangka kula sampun sepuh. Ngangge dhasar punapa panjenengan paring khabar bingah punika?"

٥٤. قَالَ أَبَشَّرْتُمُونِي عَلَىٰ أَنْ مَسَّنِيَ الْكِبَرُ فَبِمَ تُبَشِّرُونَ ۝

Qaala abasysyar-tumuunii 'alaa am-massaniyal kibaru fabima tubasysyiruun.

55. Para dhayoh mau mangsuli: "Anggen kula ambekta pawartos bingah punika pancen saleresipun, saking punika panjenengan boten perlu nglokro saking Rakhmating Allah".

٥٥. قَالُوا بَشَّرْنَاكَ بِالْحَقِّ فَلَا تَكُنْ مِنَ الْقَانِطِينَ ۝

Qaaluu basysyarnaaka bil-haqqi falaa takum minal qaanithiin.

56. Ibrahim ngucap: "Pancen boten wonten tiyang ingkang nglokro medhot saking Sih Rakhmating Allah, kajawi tetiyang ingkang kasasar".

٥٦. قَالَ وَمَنْ يَقْنَطُ مِنْ رَحْمَةِ رَبِّهِ إِلَّا الضَّالُّونَ ۝

Qaala wamay yaqnathu mir rahmati rabbihii illadh dhaalluun.

57. Ibrahim ngucap maneh: "Punapa taksih wonten karsa panjenengan, dhuh para Utusan?"

٥٧. قَالَ فَمَا خَطْبُكُمْ أَيُّهَا الْمُرْسَلُونَ ۝

Qaala famaa khathbukum ayyuhal mursaluun.

58. Para dhayoh padha mangsuli: "Saestunipun kula sami kautus, supados nyiksa dhateng kaum-kaum ingkang sami dosa!"

٥٨. قَالُوا إِنَّا أُرْسِلْنَا إِلَىٰ قَوْمٍ مُجْرِمِينَ ۝

Qaaluu innaa ursilnaa ilaa qaumim mujrimiin.

Sejarah Nabi Luth a.s.

59. Kajawi kawula-warganipun Luth, saestu piyambakipun badhe kula wilujengaken sadaya.

٥٩. إِلَّا آلَ لُوطٍ إِنَّا لَمُنَجُّوهُمْ أَجْمَعِينَ ۝

Illaa aala luuth, innaa lamunajjuuhum ajma'iin.

556). **Asmanipun Nabi Isma'il a.s., ingkang dipun Qurbanaken, ingkang sapunika dados Riyadi Idul-Adha utawi Idul-Qurban ing saben tahun. Inggih Nabi Isma'il a.s. punika ingkang nerahaken Nabi Pungkasan Muhammad s.a.w. Saweneh ahli Tafsir nerangaken putra wau asma Nabi Ishaq a.s. ingkang nurunaken Bani Israil, wallaahu'alam!**

60. Kajawi simahipun Luth, sampun kula tamtokaken kalebet tetiyang ingkang kapatrapan siksa".

٦٠- إِلَّا امْرَأَتَهُ قَدَّرْنَا إِنَّهَا لَمِنَ الْغَابِرِينَ ۝

Illam-ra-atahuu qaddarnaa innahaa laminal ghaabiriin.

61. Sawuse para Utusan iku nekani marang kulawargane Luth. 557)

٦١- فَلَمَّا جَاءَ آلَ لُوطٍ الْمُرْسَلُونَ ۝

Falammaa jaa-a aala luuthi(n)il mursaluun.

62. Ature Luth: "Saleresipun panjenengan punika sinten teka dereng kula sumerapi!"

٦٢- قَالَ إِنَّكُمْ قَوْمٌ مُنْكَرُونَ ۝

Qaala innakum qaumum munkaruun.

63. Jawabe para dhayoh: "Sayektosipun kula sadaya sowan dhumateng jengandika punika kabekta saking perkawis ingkang dipun paiben, dening tetiyang punika!"

٦٣- قَالُوا بَلْ جِئْنَاكَ بِمَا كَانُوا فِيهِ يَمْتَرُونَ ۝

Qaaluu bal ji'naaka bimaa kaanuu fiihi yamtaruun.

64. "Lan kula sowan dhumateng jengandika punika kalayan ambekta kabar siksa ingkang saleresipun. Lan sayektos kula sadaya punika sami temen".

٦٤- وَأَتَيْنَاكَ بِالْحَقِّ وَإِنَّا لَصَادِقُونَ ۝

Wa atainaaka bil-haqqi wa innaa lashaadiquun.

65. "Pramila saking punika, jengandika sakulawarga kedah enggal kesah wonten ing akhiring dalu punika, lan jengandika kedah ngiringaken, sarta sampun ngantos wonten tiyang ingkang nolah-noleh, lan jengandika sadaya kedah bidhal miturut punapa ingkang sampun dipun dhawuhaken".

٦٥- فَأَسْرِ بِأَهْلِكَ بِقِطْعٍ مِنَ اللَّيْلِ وَاتَّبِعْ أَدْبَارَهُمْ وَلَا يَلْتَفِتْ مِنْكُمْ أَحَدٌ وَامْضُوا حَيْثُ تُؤْمَرُونَ ۝

Fa-asri bi-ahlika biqith'im minal-laili wattabi' adbaarahum walaa yaltafit minkum ahaduw wamdhuu haitsu tu'maruun.

66. Lan Ingsun wus paring wahyu marang Luth supaya nyumurupi perkara iku, manawa pungkasane wong-wong mau dirampungi ana ing wayah Subuh.

٦٦- وَقَضَيْنَا إِلَيْهِ ذَٰلِكَ الْأَمْرَ أَنَّ دَابِرَ هَٰؤُلَاءِ مَقْطُوعٌ مُصْبِحِينَ ۝

Wa qadhainaa ilaihi dzaalikal amra anna daabira haa-ulaa-i maqthuu'um mushbihiin.

557). Sejarahipun Nabi Luth a.s. punika ugi kaweca ing Surat Hud.

67. Lan pendhudhuk Nagara iku padha teka kalawan bungah-bungah marga dhayohe Luth.

٦٧- وَجَآءَ أَهْلُ ٱلْمَدِينَةِ يَسْتَبْشِرُونَ ۝

Wa jaa-a ahlul madiinati yastabsyiruun.

68. Nabi Luth angucap: "Dheweke kabeh iku dhayohku, mula sira aja padha agawe wirangku."

٦٨- قَالَ إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ ضَيْفِى فَلَا تَفْضَحُونِ ۝

Qaala inna haa-ulaa-i dhaifii falaa tafdhahuun.

69. "Lan sira kabeh padha wedia ing Allah, sarta aja padha ngina marang aku".

٦٩- وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَلَا تُخْزُونِ ۝

Wattaqullaaha walaa tukhzuun.

70. Kaume matur: "Punapa kita dereng ngawisi ing panjenengan, boten kenging nampi tamu-tamu tetiyang manca?" 558)

٧٠- قَالُوٓا۟ أَوَلَمْ نَنْهَكَ عَنِ ٱلْعَٰلَمِينَ ۝

Qaaluu awalam nanhaka 'anil 'aalamiin.

71. Jawabe Nabi Luth: "Lah mbok anak-anakku wadon iku wae, ningkahken yen sira gelem nglakoni!"

٧١- قَالَ هَٰٓؤُلَآءِ بَنَاتِىٓ إِن كُنتُمْ فَٰعِلِينَ ۝

Qaala haa-ulaa-i banaatii in-kuntum faa'iliin.

72. Allah ngandika: "Demi umurira Muhammad, 559) satemene kaum Luth iku padha bingung saking anggone kasasar".

٧٢- لَعَمْرُكَ إِنَّهُمْ لَفِى سَكْرَتِهِمْ يَعْمَهُونَ ۝

La'amruka innahum lafii sakratihim ya'mahuun.

73. Wong-wong mau nuli kasiksa sarana panjerit kang sora, ana ing wayahe Srengenge mlethek!"

٧٣- فَأَخَذَتْهُمُ ٱلصَّيْحَةُ مُشْرِقِينَ ۝

Fa-akhadzahumush shaihatu musyriqiin.

74. Padesan iku banjur Ingsun walik, kang dhuwur dadi ana ing ngisor, lan wong-wong mau Ingsun udani kalayan watu saka langit donya!

٧٤- فَجَعَلْنَا عَٰلِيَهَا سَافِلَهَا وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِمْ حِجَارَةً مِّن سِجِّيلٍ ۝

Faja'alnaa 'aaliyahaa saafilahaa wa amtharnaa 'alaihim hijaaratam min sijjiil.

558). Kaumipun Nabi Luth ingkang tumindak saru homosexuel wau tambah adreng syahwatipun manawi wonten tamu-tamu, lan nate ngancam Nabi Luth supados boten andhatengaken tamu-tamu.

559). Adat tatacara Arab punika sampun kaprah ngucapaken sumpah sarana nyebat umuripun satunggaling tiyang. Dene Gusti Allah ngandika sumpah umuripun Nabi Muhammad s.a.w. perlu mulyakaken asmanipun.

75. Satemene katemahan kang mangkono iku dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang padha ngalap tepa palupi.

٧٥- إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّلْمُتَوَسِّمِينَ ۝

Inna fii dzaalika la-aayaatin lil mutawassimiin.

76. Lan satemene desane 560) kaum Luth iku, dadi dalan salawase diliwati dening manungsa.

٧٦- وَإِنَّهَا لَبِسَبِيلٍ مُّقِيمٍ ۝

Wa innahaa labisabiilim muqiim.

77. Sanyata kang mangkono iku yekti dadi tandha bukti tumrap wong-wong kang padha iman.

٧٧- إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لِّلْمُؤْمِنِينَ ۝

Inna fii dzaalika la-aayatal lil-mu'miniin.

Sejarahipun Nabi Syu'aib a.s.

78. Lan satemene kaum Aikah kang akeh tumpukane kayu, 561) kaume Nabi Syu'aib iku pancen padha nganiaya.

٧٨- وَإِن كَانَ أَصْحَابُ الْأَيْكَةِ لَظَالِمِينَ ۝

Wa-in kaana ash-haabul aikati lazhaalimiin.

79. Tumuli wong-wong mau Ingsun siksa ana ing donya, lan satemene desa loro 562) mau, desane Luth lan Syu'aib, iku dadi dalan kang salawase diliwati manungsa!

٧٩- فَانتَقَمْنَا مِنْهُمْ وَإِنَّهُمَا لَبِإِمَامٍ مُّبِينٍ ۝

Fantaqamnaa minhum wa innahumaa labi-imaamim mubiin.

Sejarahipun kaum Hijri utawi Tsamud

80. Lan wong-wong Hijri 563) yaiku kaume Nabi Saleh, iku pancen padha anggorohake marang para Utusan.

٨٠- وَلَقَدْ كَذَّبَ أَصْحَابُ الْحِجْرِ الْمُرْسَلِينَ ۝

Walaqad kadzdzaba ash-haabul hijril mursaliin.

81. Mula Ingsun uga wus anurunake tandha yektinIngsun marang wong-wong mau, nanging wong-wong mau padha nyingkur.

٨١- وَآتَيْنَاهُمْ آيَاتِنَا فَكَانُوا عَنْهَا مُعْرِضِينَ ۝

Wa aatainaahum aayaatinaa fakaanuu 'anhaa mu'ridhiin.

---

560). Naminipun dhusun **Sadom** sacelakipun pesisir Samudera Tengah.

561). Ingkang manggen ing kitha Aikah punika kanan keringipun wana gung liwang-liwung ing wilayah **Madyan.**

562). Inggih punika kitha Sadom(kaum Luth) lan Aikah (kaum Syu'ib).

563). Titiyang warga **Hijri** punika kaumipun Nabi Saleh ingkang nami kaum **Tsamud** manggen ing wilayah **Wadi Qura** ing antawisipun **Madinah lan Syria.** Kaum Tsamud wau gadhah kagunan (kabudayan) trampil natah-natah Pareden kangge griya.

82. Lan wong-wong mau padha natah Gunung-Gunung kanggo omah, supaya santosa tahan siksa. 564)

٨٢ - وَكَانُوا يَنْحِتُونَ مِنَ الْجِبَالِ بُيُوتًا آمِنِينَ ۝

Wa kaanuu yankhituuna minal jibaali buyuutan aaminiin.

83. Nanging sawuse iku wong-wong mau banjur padha disiksa sarana panjerit kang seru, ana ing wayah Subuh.

٨٣ - فَأَخَذَتْهُمُ الصَّيْحَةُ مُصْبِحِينَ ۝

Fa-akhadzat-humush shaihatu mushbihiin.

84. Dene barang-barang kang wus padha digawe dening wong-wong mau, ora bisa mitulungi sathithik bae saka siksane Allah.

٨٤ - فَمَا أَغْنَىٰ عَنْهُمْ مَا كَانُوا يَكْسِبُونَ ۝

Famaa aghnaa 'anhum maa kaanuu yaksibuun.

85. Lan Ingsun ora anitahake Langit, Bumi, lan sakisen-isene kabeh kang ana ing antarane, kajaba kalawan nyata, perlu kanggo nerangake kang haq lan batal, lan satemene dina Qiyamat iku mesthi teka; jalaran saka iku sira ngapuraa Muhammad, kalawan pangapura kang becik.

٨٥ - وَمَا خَلَقْنَا السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا إِلَّا بِالْحَقِّ ۗ وَإِنَّ السَّاعَةَ لَآتِيَةٌ ۖ فَاصْفَحِ الصَّفْحَ الْجَمِيلَ ۝

Wamaa khalaqnas samaawaati wal ardha wamaa bainahumaa illaa bil-haqq, wa innas saa'ata la-aatiyatun fashfahish shaf-hal jamiil.

86. Satemene Pangeranira iku, hiya Panjenengane iku kang anitahake tur kang Ngudaneni.

٨٦ - إِنَّ رَبَّكَ هُوَ الْخَلَّاقُ الْعَلِيمُ ۝

Inna rabbaka huwal haqqul 'aliim.

Kanugrahan agung kang kaparingake Nabi Muhammad s.a.w.

87. Lan temen Ingsun wus paring marang sira Muhammad, pitung ayat kang diwaca bola-bali, apadene Quraan kang Agung! 565)

٨٧ - وَلَقَدْ آتَيْنَاكَ سَبْعًا مِنَ الْمَثَانِي وَالْقُرْآنَ الْعَظِيمَ ۝

Walaqad aatainaaka sab'am minal matsaanii wal qur-aanal 'azhiim.

---

564). **Ahli Tafsir anerangaken sasampunipun Nabi Saleh paring pepenget nanging boten dipun gubris, let sekawan dinten lajeng kadhatengan siksa awujud suwanten ingkang sakalangkung sora saemper gundhala sasra, sarta anggegirisi lan nggegeteri.**

565). **Ulama Tafsir anerangaken bilih "Sab'am minal mastaani" inggih punika Surat Al-Faatihah (pitung ayat). Saweneh Ulama malih anerangaken punika surat-surat ingkang panjang: Al-Baqarah, Al-Maaidah, An-Nisaa', Al-'Araf, Al-An'aam, lan Surat Al Anfaal utawi At-Taubah.**

88. Aja pisan-pisan sira tansah nujokake pandenganira marang kani'matan urip Kadonyan kang wus Ingsun paringake marang wong-wong kafir mau, lan sira aja sedhih ngrasakake wong-wong mau, becik sira andhap asor (lembah manah) marang para Mu'min.*)

٨٨ - لَا تَمُدَّنَّ عَيْنَيْكَ إِلَىٰ مَا مَتَّعْنَا بِهِ أَزْوَاجًا مِّنْهُمْ وَ
لَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ وَ اخْفِضْ جَنَاحَكَ لِلْمُؤْمِنِينَ ۝

Laa tamuddanna 'ainaika ilaa maa matta'naa bihii azwaajam minhum wa laa tahzan 'alaihim wakhfidh janaahaka lilmu'miniin.

89. Dhawuha sira Muhammad!: "Satemene aku iki juru Pepeling, lan aweh katerangan kang nyata".

٨٩ - وَ قُلْ إِنِّي أَنَا النَّذِيرُ الْمُبِينُ ۝

Waqul innii anan-nadziirul mubiin.

90. Siksa kang kanggo pepeling iku, kaya dene siksa kang wus Ingsun turunake marang kaum kang ambage-bage, yaiku kaum Yahudi lan Nasrani kang iman sebageyan Quraan, lan ingkar bageyan liyane.

٩٠ - كَمَا أَنْزَلْنَا عَلَى الْمُقْتَسِمِينَ ۝

Kamaa anzalnaa 'alal muqtasimiin.

91. Yaiku wong kang mrinci Quraan iku dibage-bage, ana saweneh kang nyebutake sihir, gegawean goroh, lan liya-liyane.

٩١ - الَّذِينَ جَعَلُوا الْقُرْآنَ عِضِينَ ۝

Ailadziina ja'alul qur-aana 'idhiin.

---

*). Ayat punika sasambetan kalayan ayat 131 Surat Thaha, ingkang kadhawuhan makaten: "Muhammad! sira aja nganti ndawakake paningalira (nyawang) kerana kepencut menyang kasenengan Donya kang wus Ingsun paringake marang sarupane wong kafir mau, yaiku kamompyorane kauripan Donya. Awit Ingsun mung perlu arep nyoba (niksa) dheweke ana ing kasenengan mau. Dene rezeki peparinging Pangeran, iku luwih becik lan luwih awet".

Dados suraosipun ayat kakalih wau, ngawisi Kanjeng Nabi, sampun ngantos kepencut dhateng kasenengan utawi kamompyoranipun Donya ingkang kaparingaken dhateng titiyang kafir, awit kasenengan wau karsanipun Allah nglulu namung badhe kangge nyobi utawi niksa piyambakipun wonten ing Donya tuwin Akherat, kados ingkang kadhawuhaken ugi wonten Surat Toubat, ayat 55, 85, ingkang suraosipun makaten: "Sira Muhammad! aja kepencut dening bandha-bandhane lan anak-anake para wong munafik. Sanyata karsaning Allah mung arep kagem niksa lan ngrusak dheweke ana ing Donya, lan dheweke mau padha kafir. Dadi iya bakal siniksa uga ana ing Akherat kang luwih abot".

Dene Kanjeng Nabi s.a.w. kapurih narimah ing pandum, sampun pinaringan ganjaran piyambak ingkang langkung ageng tur endah, inggih punika tumuruning Surat Al-Fatihah 7 ayat ingkang dipun wongsal-wangsuli lan tumurunipun Al Quraan ingkang Agung, punapa dene rezeki peparingipun, nadyan sakedhik ananging langkung sae lan langkung lestantun.

Kanjeng Nabi s.a.w. wau sanes Raja lan sanes Priyantun (Elita), ananging Andika Utusanipun Allah ingkang jejeripun dados Panuntun Ummat Manungsa. Dados gesangipun kedah katata leres bares lan prasaja, supados saged beres lan kenging dipun tuladha, boten kok lajeng mompyor-mompyor kados dene Sang Raja (Kaisar) utawi Priyantun (Presiden Direktur), pramila Panjenenganipun kadhawuhan sampun ngantos kasengsem utawi kapencut dhateng kasenengan utawi kamompyoran ing panggesangan Donya lan awatak murka, adigang-adigung-adiguna!
Lan kadhawuhan ugi supados andhap-asor lembah manah welas asih dhateng Ummatipun ingkang sami Mu'min nadyan boten pakra. Pancen inggih kedah makaten punika prihatosipun Pemimpin utawi Panuntuning Ummat lan Bangsa. Awit manawi para Pemimpin wau taksih remen utawi kasengsem dhateng gesang ingkang mompyor-mompyor, sampun tamtu gesang ipun badhe suk-sukan utawi rerebatan kaliyan ingkang dipun pimpin. Utawi inggih malah badhe ngenciki rakyat kemawon. Lah gek badhe kados punapa kadadosanipun?

Samangke, lajeng kadospundi menggah pikantukipun tiyang dados Pemimpin utawi Panuntun wau, teka gesangipun prihatos timen? Pitaken punika wangsulanipun penting sanget, mirsanana katerangan ayat 131 Surat Tha Ha.

92. Demi Pangeranira, Ingsun bakal andangu marang wong-wong mau kabeh.

٩٢- فَوَرَبِّكَ لَنَسْـَٔلَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ۝

Fawarabbika lanas-alannahum ajma'iin.

93. Saka barang kang wus padha dilakoni.

٩٣- عَمَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

'Ammaa kaanuu ya'maluun.

94. Sira Muhammad, amblakakna kabeh kang wus didhawuhake marang sira, nanging sira nyingkura marang wong-wong musyrik.

٩٤- فَاصْدَعْ بِمَا تُؤْمَرُ وَأَعْرِضْ عَنِ الْمُشْرِكِينَ ۝

Fashda' bimaa tu'maru wa a'ridh 'anil musyrikiin.

95. Sanyata Ingsun anjaga ing sira saka panganiayane wong-wong kang padha memoyoki.

٩٥- إِنَّا كَفَيْنَاكَ الْمُسْتَهْزِئِينَ ۝

Innaa kafainaakal mustahzi-iin.

96. Yaiku wong-wong kang nganggep ana Pangeran liya kang anartani ing Allah, mesthi wong-wong mau bakal padha sumurup wusanane.

٩٦- الَّذِينَ يَجْعَلُونَ مَعَ اللَّهِ إِلَٰهًا آخَرَ ۚ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ۝

Alladziina yaj'aluuna ma'allaahi ilaahan aakhar, fasaufa ya'lamuun.

97. Lan yekti Ingsun wus nguningani yen dhadhanira dadi rupeg, jalaran saka kang diucapake dening wong-wong mau.

٩٧- وَلَقَدْ نَعْلَمُ أَنَّكَ يَضِيقُ صَدْرُكَ بِمَا يَقُولُونَ ۝

Walaqad na'lamu annaka yadhiiqu shadruka bimaa yaquuluun.

98. Mula sira Maha nucekake kalawan muji ing Pangeranira, lan sira dadia golongane wong-wong kang padha sujud (shalat).

٩٨- فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَكُنْ مِنَ السَّاجِدِينَ ۝

Fasabbih bihamdi rabbika wa kum minas saajidiin.

99. Lan sira nyembaha marang Pangeranira, sahingga sira katekan pati (ajal).

***)

٩٩- وَاعْبُدْ رَبَّكَ حَتَّىٰ يَأْتِيَكَ الْيَقِينُ ۝ ع

Wa'bud rabbaka hattaa ya'tiyakal yaqiin.

***). Saweneh katerangan wigatos ing analisa tandhingan antawisipun surat Al Hijr (Watu Gunung) kalayan surat An Nahl (Tawon) makaten:

1. Ing bagean akhir surat Al Hijr, ayat no. 92 - 93, Gusti Allah amartakake bilih para manungsa badhe dipun pundhuti tanggel jawabipun gesang wonten ing Ngalam Donya, dene wonten ing surat An Nahl ayat no. 93 nerangaken punapa ingkang dipun suwuni tanggel jawab ing benjing dinten Qiyamat wau.
2. Awal surat Al Hijr anerangaken bab kaleresanipun Kitab Suci Al Quraan, lan Pangeran piyambak ingkang tansah ngreksa kamurnian lan kalestantunanipun dados Sumber Hukumipun ummat manungsa anindakaken Agami lan ngrembakakken gesang Masyarakat (Negara).
3. Kados ingkang sampun masyhur, bilih surat ingkang tumurun ing Mekkah punika anerangaken Tauhid, Karasulan, Dinten Qiyamat, Ajining Amal Shaleh, inggih punika ingkang babagan Theology sapiturutipun, makaten ugi ing Surat Al Hijr.

AN NAHL (TAWON)

Surat kaping 16 : 128 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba 3 ayat kang akhir tumurun ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Al Kahfi.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Dina Qiyamat mesthi bakal tumeka, mangka sira kabeh aja padha kesusu ngarep-arep enggal tekane. Maha Suci sarta Maha Luhur PanjenengaNe Allah, saka barang kang disakuthokake dening wong-wong musyrik.

١ - اَتٰٓى اَمْرُ اللّٰهِ فَلَا تَسْتَعْجِلُوْهُ ؕ سُبْحٰنَهٗ وَتَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ۝

Ataa amrullaahi falaa tasta'jiluuh, subhaanahuu wata'aalaa 'ammaa yusyrikuun.

2. PanjenengaNe kang anurunake Malaikat kang ngampil wahyu, wahyu saka dhawuHe marang kawulaNe, yaiku supaya padha aweha pepeling, manawa "Ora ana Pangeran kang disembah kajaba Ingsun, mula sira kabeh padha wedia marang Ingsun".

٢ - يُنَزِّلُ الْمَلٰٓئِكَةَ بِالرُّوْحِ مِنْ اَمْرِهٖ عَلٰى مَنْ يَّشَآءُ مِنْ عِبَادِهٖٓ اَنْ اَنْذِرُوْٓا اَنَّهٗ لَآ اِلٰهَ اِلَّآ اَنَا فَاتَّقُوْنِ ۝

Yunazzilul malaa-ikata bir-ruuhi min amrihii 'alaa may yasyaa-u min 'ibaadihii an andziruu annahuu laa ilaaha illaa ana fattaquun.

Alam jagad raya iku sawijining unit kang sawiji (golong gilig) dadi bukti Panguwasaning Allah.

3. PanjenengaNe kang anitahake Langit lan Bumi kalawan nyata perlu anuduhake barang haq lan batal. Maha Luhur Allah ngungkuli barang kang disakuthokake dening wong-wong musyrik.

٣ - خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ بِالْحَقِّ ؕ تَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ۝

Khalaqas samaawaati wal ardha bil haqq, ta'aalaa 'ammaa yusyrikuun.

4. PanjenengaNe kang wus nitahake manungsa saka mani (kama), nanging dheweke iku teka padha ambantah kalawan terang-terangan.

٤ - خَلَقَ الْإِنْسَانَ مِنْ نُّطْفَةٍ فَإِذَا هُوَ خَصِيمٌ مُّبِينٌ ۝

Khalaqal insaana min nuthfatin fa-idzaa huwa khashiimum mubiin.

5. Lan PanjenengaNe kang anitahake Raja-kaya kanggo sira kabeh, ana ing kono, kewan-kewan mau, wulune kena kanggo nulak adhem dadi kemul, lan uga akeh kamanfa'atan liyane maneh, lan sawenehe kewan mau ana kang sira pangan daginge.

٥ - وَالْأَنْعَامَ خَلَقَهَا ۗ لَكُمْ فِيهَا دِفْءٌ وَمَنَافِعُ وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ۝

Wal-an'aama khalaqahaa, lakum fiihaa dif-uw wa manaafi'u wa minhaa ta'-kuluun.

6. Lan dadi kabungahan tumrap sira kabeh ana ing bab miara kewan iku, yaiku nalika sira giring menyang kandhang, lan nalika sira uculake menyang panggonan.

٦ - وَلَكُمْ فِيهَا جَمَالٌ حِينَ تُرِيحُونَ وَحِينَ تَسْرَحُونَ ۝

Walakum fiihaa jamaalun hiina turii-huuna wa hiina tasrahuun.

7. Lan kewan mau bisa momot barang-barangira kang abot menyang liyan Negara, kang sira ora bisa tekan ing kono kajaba kalawan rekasaning awak, satemene Pangeranira iku Maha Welas tur Maha Asih.

٧ - وَتَحْمِلُ أَثْقَالَكُمْ إِلَىٰ بَلَدٍ لَّمْ تَكُونُوا بَالِغِيهِ إِلَّا بِشِقِّ الْأَنفُسِ ۚ إِنَّ رَبَّكُمْ لَرَءُوفٌ رَّحِيمٌ ۝

Wa tahmilu atsqaalakum ilaa baladil-lam takuunuu baalighiihi illaa bisyiqqil anfus, inna rabbakum lara-uufur rahiim.

8. Lan PanjenengaNe kang anitahake jaran, bighal, lan kuldi, kena sira tunggangi lan sira anggo pameran, sarta PanjenengaNe anitahake barang kang ora sira weruhi.

٨ - وَالْخَيْلَ وَالْبِغَالَ وَالْحَمِيرَ لِتَرْكَبُوهَا وَزِينَةً ۚ وَيَخْلُقُ مَا لَا تَعْلَمُونَ ۝

Wal-khaila wal bighaala wal hamiira li-tarkabuuhaa wa ziinah, wa yakhluqu maa laa ta'lamuun.

9. Lan wus dadi tanggungane Allah pribadi, perkara anuduhake dalan kang bener, dene sawenehe dalan iku ana kang bengkong. Saupama dadi kaparenging karsane Allah, mesthi PanjenengaNe nuduhake dalan kang bener marang sira kabeh.

٩ - وَعَلَى اللَّهِ قَصْدُ السَّبِيلِ وَمِنْهَا جَائِرٌ ۚ وَلَوْ شَاءَ لَهَدَاكُمْ أَجْمَعِينَ ۝ ع

Wa 'alallaahi qashdus sabiili wa minhaa jaa-ir, walau syaa-a lahadaakum ajma'iin.

10. PanjenengaNe Allah iku kang wus nurunake udan saka Langit, sabageyan dadi omben-omben kanggo sira, lan sabageyan kanggo nukulake thethukulan kang sira dadekake pangonan kanggo raja-kaya.

١٠ - هُوَ الَّذِي أَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً لَّكُم مِّنْهُ شَرَابٌ وَمِنْهُ شَجَرٌ فِيهِ تُسِيمُونَ ۝

Huwal ladzii anzala minas samaa-i maa-al-lakum minhu syaraabuw wa minhu syajarun fiihi tusiimuun.

11. Lan PanjenengaNe Allah uga wus nuwuhake tetanduran sarana banyu iku, nguwohake zaitun, kurma, anggur, lan sarupane woh-wohan kanggo sira kabeh. Sanyata kang mangkono iku, yekti dadi tandha bukti tumrap wong kang padha gelem mikir-mikir.

١١- يُنۢبِتُ لَكُمۡ بِهِ الزَّرۡعَ وَالزَّيۡتُوۡنَ وَالنَّخِيۡلَ وَالۡاَعۡنَابَ وَمِنۡ كُلِّ الثَّمَرٰتِ ؕ اِنَّ فِيۡ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّقَوۡمٍ يَّتَفَكَّرُوۡنَ ۝

Yumbitu lakum bihiz zar'a wazzaituuna wal khaila wal a'naaba wamin kullits-tsamaraat, inna fii dzaalika la-aayatal liqaumiy yatafakkaruun.

12. Lan PanjenengaNe wus pasrah marang sira kabeh wengi lan rina, Srengenge lan Rembulan, sarta Lintang-Lintang padha tundhuk ndherek dhawuhing Allah, sanyata kang mangkono mau, temen dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang duwe 'akal.

١٢- وَسَخَّرَ لَكُمُ الَّيۡلَ وَالنَّهَارَ ۙ وَالشَّمۡسَ وَالۡقَمَرَ ؕ وَالنُّجُوۡمُ مُسَخَّرٰتٌۢ بِاَمۡرِهٖ ؕ اِنَّ فِيۡ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوۡمٍ يَّعۡقِلُوۡنَ ۙ ۝

Wa sakhkhara lakumul laila wannahaara wasy-syamsa wal qamar, wan-nujuumu musakhkharaatum bi-amrih, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yatafakkaruun.

13. Lan sabarang kang tumitah ana ing Bumi, kalawan beda-beda rupane, satemene kang mangkono mau temen dadi tandha yekti tumrap wong kang padha gelem nampa pitutur. 566)

١٣- وَمَا ذَرَاَ لَكُمۡ فِى الۡاَرۡضِ مُخۡتَلِفًا اَلۡوَانُهٗ ؕ اِنَّ فِيۡ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّقَوۡمٍ يَّذَّكَّرُوۡنَ ۝

Wamaa dzara-a lakum fil ardhi mukhtalifan alwaanuhuu inna fii dzaalika la-aayatal liqumiy yadzdzakkaruun.

14. Lan PanjenengaNe kang wus ngerehake Sagara, supaya sira bisa mangan iwak kang nyunyur saka segara, lan sira padha ngetokake saka segara mau pepaesan kang sira anggo. Lan sira sumurup kapal layar ana ing segara iku nyigar alun, lan perlu sira golek kanugrahaning Allah, supaya sira kabeh padha syukur.

١٤- وَهُوَ الَّذِىۡ سَخَّرَ الۡبَحۡرَ لِتَاۡكُلُوۡا مِنۡهُ لَحۡمًا طَرِيًّا وَّتَسۡتَخۡرِجُوۡا مِنۡهُ حِلۡيَةً تَلۡبَسُوۡنَهَا ۚ وَتَرَى الۡفُلۡكَ مَوَاخِرَ فِيۡهِ وَلِتَبۡتَغُوۡا مِنۡ فَضۡلِهٖ وَلَعَلَّكُمۡ تَشۡكُرُوۡنَ ۝

566). Tumitahing 'alam jagad raya saisinipun punika satunggaling unit ingkang Sawiji, utawi Satunggaling Sunnatullah ingkang tinekdir lumampah sarana mekanisme ingkang tinata tharik-tharik, samudayaning makhluk gilir-gumantos ing mangsa lan papanipun piyambak-piyambak (time and space), cetha sanget punika anedahaken wontenipun Dzat ingkang Maha Kuwaos, ingkang jejeripun dados Panguwaos Tunggal, boten wonten sanes kajawi Allah SWT; makaten suraosing tuhu wigatos, ing ayat no 3 dumugi no 13 kasebat.

Wahuwal ladzii sakhkharal bahra lita'-kunuu minhu lahman thariyyaw wa tas-takhrijuu minhu hilyatan talbasuunahaa, wa taral fulka mawaakhira fiihi wa li-tabtaghuu min fadhlihii wa la'allakum tasykuruun.

15. Lan PanjenengaNe nancepake Gunung-Gunung ing Bumi, supaya Bumi iku ora nggoyangake sira, lan PanjenengaNe gawe Kali-kali lan dalan-dalan supaya sira kabeh oleh pituduh.

١٥- وَأَلْقَىٰ فِي الْأَرْضِ رَوَاسِيَ أَنْ تَمِيدَ بِكُمْ وَأَنْهَارًا وَسُبُلًا لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ۝

Wa alqaa fil ardhi rawaasiya an tamiida bikum wa anhaaraw wa subulal la'alla-kum tahtaduun.

16. Lan PanjenengaNe ana ing kono gawe pirang-pirang tandha dalan, lan sarana Lin-tang-lintang kang padha dianggo pituduh dalan.

١٦- وَعَلَامَاتٍ وَبِالنَّجْمِ هُمْ يَهْتَدُونَ ۝

Wa 'alaamaat, wa binnajmi hum yahta-duun.

17. Apa padha Allah kang anitahake makhluk, karo kang ora bisa anitahake? Apa sira ora padha ngangen-angen (ngalap pi-wulang)?

١٧- أَفَمَنْ يَخْلُقُ كَمَنْ لَا يَخْلُقُ ۗ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ۝

Afamay yakhluqu kamal laa yakhluq, afalaa tadzakkaruun.

18. Lan manawa sira padha gelem ngetung-etung kani'mataning Allah, mesthi sira ora bisa anggunggung, satemene Allah iku Maha Ngapura tur Maha Asih.

١٨- وَإِنْ تَعُدُّوا نِعْمَةَ اللَّهِ لَا تُحْصُوهَا ۗ إِنَّ اللَّهَ لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Wa-in ta'udduu ni'matallaahi laa tuh-shuuhaa, innallaaha laghafuurur rahiim.

19. Lan Allah Nguningani sabarang kang sira umpetake, lan barang kang sira katon-ake.

١٩- وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا تُسِرُّونَ وَمَا تُعْلِنُونَ ۝

Wallaahu ya'lamu maa tusirruuna wamaa tu'linuun.

20. Dene barang-barang kang padha di-pepundhi saliyane Allah, ora padha bisa ga-we apa-apa, nanging malah padha digawe!

٢٠- وَالَّذِينَ يَدْعُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ لَا يَخْلُقُونَ شَيْئًا وَهُمْ يُخْلَقُونَ ۝

Walladziina yad'uuna min duunillaahi laa yakhluquuna syai-aw wahum yukh-laquun.

٢١. اَمْوَاتٌ غَيْرُ اَحْيَآءٍ ۚ وَمَا يَشْعُرُوْنَ ۙ اَيَّانَ يُبْعَثُوْنَ ۝

Amwaatun ghairu ahyaa', wamaa yasy-'uruuna ayyaana yub'atsuun.

21. Kabeh kang disembah (brahala) mau barang mati, dudu barang urip, sarta padha ora ngerti besuk kapan wong musyrik iku bakal ditangekake.

Gumedhe kumalungkung iku anjalari selak ingkar ing kabeneran.

٢٢. اِلٰهُكُمْ اِلٰهٌ وَّاحِدٌ ۚ فَالَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ قُلُوْبُهُمْ مُّنْكِرَةٌ وَّهُمْ مُّسْتَكْبِرُوْنَ ۝

Ilaahukum ilaahuw waahid, falladziina laa yu'minuuna bil aakhirati quluubu-hum munkiratuw wahum mustakbiruun.

22. Mungguh Pepundhenira iku Pepun-dhen kang sawiji, dene wong kang ora padha percaya marang akherat iku atine padha nye-laki, lan wong-wong mau padha gumedhe kumalungkung adigang adigung!

٢٣. لَا جَرَمَ اَنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا يُسِرُّوْنَ وَمَا يُعْلِنُوْنَ ۭ اِنَّهٗ لَا يُحِبُّ الْمُسْتَكْبِرِيْنَ ۝

Laa jarama annallaaha ya'lamu maa yu-sirruuna wamaa yu'linuun, innahuu laa yuhibbul mustakbiriin.

23. Wus ora kena ora, Allah iku mesthi Nguningani kabeh barang kang diumpetake dening wong-wong mau, lan kang dikaton-ake, satemene PanjenengaNe Allah iku ora remen marang wong-wong kang padha gu-medhe!

٢٤. وَاِذَا قِيْلَ لَهُمْ مَّاذَآ اَنْزَلَ رَبُّكُمْ ۙ قَالُوْٓا اَسَاطِيْرُ الْاَوَّلِيْنَ ۝

Wa idzaa qiila lahum maadzaa anzala rabbukum, qaaluu asaathiirul awwaliin.

24. Lan nalika didhawuhake marang wong-wong mau: "Apa kang wus diturunake de-ning Pangeranira marang Muhammad?" Wangsulane: "Kang dikandhakake tumurun saka ngarsaning Allah iku carita goroh, mung dongeng dhek jaman biyen".

٢٥. لِيَحْمِلُوْٓا اَوْزَارَهُمْ كَامِلَةً يَّوْمَ الْقِيٰمَةِ ۙ وَمِنْ اَوْزَارِ الَّذِيْنَ يُضِلُّوْنَهُمْ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۭ اَلَا سَآءَ مَا يَزِرُوْنَ ۝

Liyahmiluu auzaarahum kaamilatay yau-mal qiyaamah, wamin auzaaril ladziina yudhilluu nahum bighairi 'ilm, alaa saa-a maa yaziruun.

25. Besuk ana ing dina Qiyamat, ucape wong-wong mau nyebabake padha anggen-dhong dosa-dosane kabeh, lan sebagean dosa-dosane wong-wong kang disasarake tanpa pangerten sithik-sithika. Weruha sira, ala ba-nget barang kang digendhong dening wong-wong mau.

Wong kang pasang pangreka bakal ngrekasa.

٢٦. قَدْ مَكَرَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَاَتَى اللّٰهُ بُنْيَانَهُمْ مِّنَ الْقَوَاعِدِ فَخَرَّ عَلَيْهِمُ السَّقْفُ مِنْ فَوْقِهِمْ وَاَتٰىهُمُ الْعَذَابُ مِنْ حَيْثُ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

26. Satemene wong-wong biyen sadurunge dheweke, wus padha pasang pangreka daya. Allah nuli ngutus angin nyabut gedhong-gedhonge saka pandhemene, banjur runtuh pepayone ngebruki wong-wong mau saka

ing dhuwure, lan siksa mau tekane saka panggonan kang babar pisan ora kinira-kira!

Qad makaral ladziina min qablihim fa-atallaahu bunyaanahum minal qawaa'idi fakharra 'alaihimus saqfu min fauqihim wa aataahumul 'adzaabu min haitsu laa yasy'uruun.

27. Nuli besuk ana ing dina Qiyamat dening Allah dheweke bakal padha diasorake, sarta Allah bakal andangu: "Ana ngendi Pangeran kang sira sakuthokake marang Ingsun, kang marakake sira padudon, merangi ing Nabi lan Mukminin?" Ature Malaikat (para Nabi lan para Mukminin) kang diparingi 'ilmu: "Saestunipun ina saha awoning siksa dinten punika tetep kasandhang tiyang ingkang sami kafir".

٢٧. ثُمَّ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ يُخْزِيهِمْ وَيَقُولُ أَيْنَ شُرَكَآءِيَ الَّذِينَ كُنتُمْ تُشَٰٓقُّونَ فِيهِمْ ۚ قَالَ الَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ إِنَّ الْخِزْيَ الْيَوْمَ وَالسُّوٓءَ عَلَى الْكَٰفِرِينَ ۝

Tsumma yaumal qiyaamati yukhziihim wa yaquulu aina syurakaa-iyal ladziina kuntum tusyaaqquuna fiihim, qaalal ladziina uutul 'ilma innal khizyal yauma wassuu-a 'alal kaafiriin.

28. Wong-wong mau dipateni dening Malaikat pinuju lagi nganiaya (dzalim) awake dhewe: dheweke bakal padha sumarah lan andhap asor marang ngarsaning Allah, sarta munjuk: "Kawontenan kula sadaya saestu boten nate nglampahi awon". Wangsulane Malaikat: "Bener, satemene Allah iku Nguningani sabarang kang sira lakoni".

٢٨. ٱلَّذِينَ تَتَوَفَّىٰهُمُ الْمَلَٰٓئِكَةُ ظَالِمِىٓ أَنفُسِهِمْ ۖ فَأَلْقَوُا السَّلَمَ مَا كُنَّا نَعْمَلُ مِن سُوٓءٍ ۚ بَلَىٰٓ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌۢ بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝

Alladziina tatawaffaahumul malaa-ikatu zhaalimii anfusihim fa-alqawus salama maa kunnaa na'malu min suu', balaa innallaaha 'aliimum bimaa kuntum ta'-lamuun.

29. Sabab saka iku sira lumebua liwat ing lawang-lawanging Jahanam, tetep ana ing kono! Temen luwih ala-alane panggonane wong kang gumedhe iku Neraka Jahanam!

٢٩. فَادْخُلُوٓا أَبْوَٰبَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَا ۖ فَلَبِئْسَ مَثْوَى الْمُتَكَبِّرِينَ ۝

Fadkhuluu abwaaba jahannama khaalidiina fiihaa, falabi'samatswal mutakabbiriin.

Ganjaran tumrap wong kang taqwa.

30. Lan didhawuhake marang wong-wong kang padha taqwa: "Apa kang wus diturunake dening Pangeranira?" Ature wong-wong mau: "Kasaenan!" Ganjaran kang becik iku disadhiyake wong kang padha nindakake kabecikan ana ing Donya, lan yekti panggonan Akherat iku Suwarga kang luwih becik, lan temen becik-becike panggonan tumrap wong-wong kang taqwa marang Allah, iku Suwarga ing Akherat.

٣٠. وَقِيلَ لِلَّذِينَ اتَّقَوْا مَاذَآ أَنزَلَ رَبُّكُمْ ۚ قَالُوا خَيْرًا ۗ لِّلَّذِينَ أَحْسَنُوا فِى هَٰذِهِ الدُّنْيَا حَسَنَةٌ ۚ وَلَدَارُ الْءَاخِرَةِ خَيْرٌ ۚ وَلَنِعْمَ دَارُ الْمُتَّقِينَ ۝

Waqiila liladziinat taqau maadzaa anzala rabbukum, qaaluu khairaa, lilladziina ahsanuu fii haadzihid dun-yaa hasanah, waladaarul aakhirati khaiir, walani'ma daarul muttaqiin.

31. Yaiku Suwarga 'Adn panggonan kang tetep, wong-wong mau padha lumebu ing kono, ing ngisore ana kaline mili; ana ing kono disadhiyakake apa kang dikarepake. Kaya mangkono Allah anggone paring ganjaran marang wong-wong kang taqwa ing PanjenengaNe.

٣١- جَنّٰتُ عَدْنٍ يَّدْخُلُوْنَهَا تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ لَهُمْ فِيْهَا مَا يَشَآءُوْنَ ؕ كَذٰلِكَ يَجْزِى اللّٰهُ الْمُتَّقِيْنَ ۙ ٥

Jannaatu 'adniy yadkhuluunahaa tajrii min tahtihal anhaar, lahum fiihaa maa yasyaa-uun, kadzaalika yajzillaahul muttaqiin.

32. Wong-wong kang dipateni dening Malaikat sing kaanane becik, wis resik saka dosa, bakal disenengake dening Malaikat, tembunge: "Kasugengan mugi tetep ing panjenengan sadaya, mangga samiya lumebet Suwarga sabab dening perkawis ingkang sampun panjenengan tindakaken!"

٣٢- اَلَّذِيْنَ تَتَوَفّٰهُمُ الْمَلٰٓئِكَةُ طَيِّبِيْنَ ۙ يَقُوْلُوْنَ سَلٰمٌ عَلَيْكُمُ ۙ ادْخُلُوا الْجَنَّةَ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ٥

Alladziina tatawaffaahumul malaa-ikatu thayyibiina yaquuluuna salaamun 'alaikumud khulul jannata bimaa kuntum ta'maluun.

Sirna dening pokal tumindake dhewe!

33. Ora ana maneh kang dienteni dening wong-wong kafir iku, kajaba rawuhe Malaikat kang arep nyabut nyawane, utawa tekane siksaning Pangeranira. Kaya mangkono iku uga kelakuane wong-wong biyen sadurunge dheweke. Allah ora pisan-pisan nganiaya marang dheweke, ananging malah wong-wong mau kang padha nganiaya marang awake dhewe!

٣٣- هَلْ يَنْظُرُوْنَ اِلَّآ اَنْ تَاْتِيَهُمُ الْمَلٰٓئِكَةُ اَوْ يَاْتِيَ اَمْرُ رَبِّكَ ؕ كَذٰلِكَ فَعَلَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ ؕ وَمَا ظَلَمَهُمُ اللّٰهُ وَلٰكِنْ كَانُوْٓا اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ٥

Hal yandzuruuna illaa an ta'tiyahumul malaa-ikatu au ya'tiya amru rabbik, kadzaalika fa'alal ladziina min qablihim, wamaa zhalamahumul laahu walaakin kaanuu anfusahum yazhlimuun.

34. Wong-wong mau banjur kapatrapan siksa, sabab saka panggawe ala kang wus padha dilakoni, lan bilahi tumurun marang dheweke, minangka piwalese perkara kang diremehake.

٣٤- فَاَصَابَهُمْ سَيِّاٰتُ مَا عَمِلُوْا وَحَاقَ بِهِمْ مَّا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ ٥

Fa-ashaabahum sayyi-aatu maa 'amiluu wahaaqa bihim maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

35. Wong-wong musyrik padha ngucap: "Manawa dadi kaparenging karsane Allah, mesthi bae aku kabeh, lan leluhur-leluhurku biyen ora padha nyembah saliyane PanjenengaNe, lan aku ora ngaramake perkara kang ora diharamake dening PanjenengaNe". Mangkono iku uga tumindake wong-wong

٣٥- وَقَالَ الَّذِيْنَ اَشْرَكُوْا لَوْ شَآءَ اللّٰهُ مَا عَبَدْنَا مِنْ دُوْنِهٖ مِنْ شَيْءٍ نَّحْنُ وَلَآ اٰبَآؤُنَا وَلَا حَرَّمْنَا مِنْ دُوْنِهٖ مِنْ شَيْءٍ ؕ كَذٰلِكَ فَعَلَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۚ فَهَلْ عَلَى الرُّسُلِ اِلَّا الْبَلٰغُ الْمُبِيْنُ ٥

biyen sadurunge dheweke. Mangka ora diabotake kuwajiban marang para Andika para Utusan, kajaba mung anekakake bahe perkara kang pertela!

Wa qaalal ladziina asyrakuu lau syaaallaahu maa 'abadnaa min duunihii min syai-in nahnu walaa aabaa-unaa walaa harramnaa min duunihii min syaii', kadzaalika fa'alal ladziina min qablihim, fahal 'alar rusuli illal balaaghul mubiin.

Saben umat duwe Rasul kang anerangake kabeneran!

٣٦- وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولًا أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الطَّاغُوتَ ۖ فَمِنْهُم مَّنْ هَدَى اللَّهُ وَمِنْهُم مَّنْ حَقَّتْ عَلَيْهِ الضَّلَالَةُ ۚ فَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُكَذِّبِينَ ۝

36. Lan sanyata Ingsun wus ngutus Rasul marang saben-saben umat, perlu ajak-ajak: "Nyembaha ing Allah piyambak, lan edohana brahala Thaghut". Mangka sawenehe wong-wong mau ana kang diparingi pituduh dening Allah, lan sawenehe maneh ana kang tetep mesthi kesasar. Sira kabeh padha lumakua ana ing Bumi, banjur andelenga kapriye pungkasane wong-wong kang padha anggorohake para Rasul.

Walaqad ba'atsnaa fii kulli ummatir rasuulan ani'budullaaha waj-tanibuth-thaaghuut, faminhum man hadallaahu wa minhum man haqqat 'alaihidh dhalaalah, fasiiruu fil ardhi fanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul mukadzdzibiin.

٣٧- إِن تَحْرِصْ عَلَىٰ هُدَاهُمْ فَإِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي مَن يُضِلُّ وَمَا لَهُم مِّن نَّاصِرِينَ ۝

37. Manawa sira sumedya arep nuduhake wong-wong mau, iku satemene Allah ora karsa paring pituduh marang wong kang pancen disasarake dening PanjenengaNe, lan dheweke ora ana kang mitulungi.

In tahrish 'alaa hudaahum fa-innallaaha laa yahdii may yudhillu wamaa lahum min naashiriin.

٣٨- وَأَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ لَا يَبْعَثُ اللَّهُ مَن يَمُوتُ ۚ بَلَىٰ وَعْدًا عَلَيْهِ حَقًّا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ۝

38. Lan dheweke wus temen-temen anggone padha sumpah kalawan asmaning Allah, pangucape: "Allah ora bakal nangekake wong-wong kang wus padha mati!". Benere, Allah bakal nangekake wong-wong kang wus padha mati, satemene kang dijanjekake dening Allah iku nyata, ananging akeh-akehe manungsa ora padha mangerti.

Wa aqsamuu billaahi jahda aimaanihim laa yab'atsullaahu may yamuut, balaa wa'dan 'alaihi haqqaw walaakinna aktsarannaasi laa ya'lamuun.

٣٩- لِيُبَيِّنَ لَهُمُ الَّذِي يَخْتَلِفُونَ فِيهِ وَلِيَعْلَمَ الَّذِينَ كَفَرُوا أَنَّهُمْ كَانُوا كَاذِبِينَ ۝

39. Anggone wong-wong mati bakal ditangekake iku saperlu Allah anerangake marang dheweke kabeneran barang hak kang padha dipasulayakake; lan supaya wong-wong kafir iku mangerti, yen satemene dheweke iku padha goroh!

Liyubayyina lahumul ladzii yakhtalifuuna fiihi wa liya'lamal ladziina kafaruu annahum kaanuu kaadzibiin.

40. Sanyata PangandikanIngsun manawa Ingsun karsa anitahake sawijining barang, iku cukup Ingsun dhawuh: "Anaa!", barang mau banjur ana!

٤٠- إِنَّمَا قَوْلُنَا لِشَيْءٍ إِذَا أَرَدْنَاهُ أَنْ نَّقُولَ لَهُ كُن فَيَكُونُ ٤٠

Innamaa qaulunaa lisyai-in idzaa aradnaahu an naquula lahuu kun fayakuun.

41. Dene wong-wong kang padha hijrah perlu angrungkebi Agamaning Allah, sawuse padha dikaniaya, mesthi Ingsun papanake ing panggonan kang becik ana ing Donya, lan sayekti ganjaran Akherat iku luwih gedhe manawa dheweke padha mangerti.

٤١- وَالَّذِينَ هَاجَرُوا فِي اللَّهِ مِن بَعْدِ مَا ظُلِمُوا لَنُبَوِّئَنَّهُمْ فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً ۖ وَلَأَجْرُ الْآخِرَةِ أَكْبَرُ ۚ لَوْ كَانُوا يَعْلَمُونَ ٤١

Walladziina haajaruu fillaahi mim ba'di maa zhulimuu lanubawwi-annahum fiddunyaa hasanah, wala-ajrul aakhirati akbaru lau kaanuu ya'lamuun.

42. Yaiku wong-wong kang padha sabar, sarta tawakkal marang PangeraNe.

٤٢- الَّذِينَ صَبَرُوا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ٤٢

Alladziina shabaruu wa 'alaa rabbihim yatawakkaluun.

43. Lan Ingsun ora ngutus ing sadurungira Muhammad, kajaba wong lanang kang Ingsun paringi wahyu. Jalaran saka iku sira kabeh padha takona marang wong kang ahli dzikir (kang duwe 'ilmu bab Nabi lan Kitab), manawa sira ora padha mangerti.

٤٣- وَمَا أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ إِلَّا رِجَالًا نُّوحِي إِلَيْهِمْ فَاسْأَلُوا أَهْلَ الذِّكْرِ إِن كُنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ٤٣

Wamaa arsalnaa min qablika illaa rijaalan nuuhii ilaihim fas-aluu ahladz dzikri inkuntum laa ta'lamuun.

44. Dheweke padha Ingsun Utus iku nganggo tandha yekti kang nyata, yaiku mu'jizat, lan Kitab-Kitab. Lan Ingsun wus nurunake Al Qurâan marang sira Muhammad, supaya sira anggo anerangake marang manungsa ing perkara kang wus diturunake marang wong-wong mau, 567) lan muga-muga dheweke padha gelem mikir-mikir.

٤٤- بِالْبَيِّنَاتِ وَالزُّبُرِ ۗ وَأَنزَلْنَا إِلَيْكَ الذِّكْرَ لِتُبَيِّنَ لِلنَّاسِ مَا نُزِّلَ إِلَيْهِمْ وَلَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُونَ ٤٤

Bilbayyinaati wazzubur, wa anzalnaa ilaikadz dzikra litubayyina linnaasi maa nuzzila ilaihim wa la'allahum yatafakkaruun.

567). Inggih punika dhawuh-dhawuh, pepacuh-pepacuh, sarta tatanan Syare'at ingkang ing zaman sapunika kawastanan "Ilmu Ushul Fiqih". Ilmu punika pranatan-pranatan fundamental ingkang saged ngedalaken lan netepaken satunggaling hukum. Cara lan pranatan punika kawiwitan karya Imam Syafi'i r.a.

Saking Ilmu Ushul Fiqih lajeng tuwuh Qaidah-qaidah Ushul Fiqih inggih punika: Qaidah pokok-pokok kangge mangertosi hukum Agami saking dalil Quraan lan Hadist.

Perlu dipun mangertosi bilih sumber hukum namung satunggal inggih punika Quraan, ananging saking mawarni-warni katerangan, saking Quraan punika, para 'Ulama ambage-bage dados sekawan sumber hukum: 1. Quraan, 2. Hadist, 3. Ijma', 4. Qiyas. Prayogi sanget para sutrisna nyinau Ushul Fiqih lan Qaidah-Qaidah Ushul Fiqih, kitab-kitab ingkang sumadia sampun kathah!

45. Wong-wong kang padha nindakake pangreka daya ala iku, apa padha tentrem atine manawa Allah karsa ngamblesake wong-wong mau ana ing sajeroning Bumi, utawa wong-wong mau katekanan siksa kang ora dirasa-rasa?

٤٥ - أَفَأَمِنَ الَّذِينَ مَكَرُوا السَّيِّئَاتِ أَنْ يَخْسِفَ اللَّهُ بِهِمُ
الْأَرْضَ أَوْ يَأْتِيَهُمُ الْعَذَابُ مِنْ حَيْثُ لَا يَشْعُرُونَ ۝

Afa-aminal ladziina makarus sayyi-aati ay yakhsifallaahu bihimul ardha au ya'-tiyahumul 'adzaabu min haitsu laa yasy-'uruun.

46. Utawa dheweke padha disiksa ing nalika lagi wira-wiri? Wong-wong mau ora bakal bisa ngalahake Allah. (nolak siksaNe)

٤٦ - أَوْ يَأْخُذَهُمْ فِي تَقَلُّبِهِمْ فَمَا هُمْ بِمُعْجِزِينَ ۝

Au ya'khudzahum fii taqallubihim famaa hum bimu'jiziin.

47. Utawa Allah anggone nyiksa dheweke iku mbaka sathithik nganti sirna, awit satemene Pangeranira iku Maha Welas tur Maha Asih.

٤٧ - أَوْ يَأْخُذَهُمْ عَلَىٰ تَخَوُّفٍ فَإِنَّ رَبَّكُمْ لَرَءُوفٌ رَحِيمٌ ۝

Au ya'khudzahum 'alaa takhawwuf, fa-inna rabbakum lara-uufur rahiim.

48. Apa wong-wong mau ora padha ndeleng menyang sawiji-wiji barang kang wus dititahake dening Allah kang layangane ngalih, saka sisih tengene, lan saka sisih kiwane, krana sujud marang Allah lan padha nungkul aris.

٤٨ - أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَىٰ مَا خَلَقَ اللَّهُ مِنْ شَيْءٍ يَتَفَيَّأُ ظِلَالُهُ
عَنِ الْيَمِينِ وَالشَّمَائِلِ سُجَّدًا لِلَّهِ وَهُمْ دَاخِرُونَ ۝

Awalam yarau ilaa maa khalaqal laahu min syai-in yatafayya-u zhilaaluhuu 'anil yamiini wasysyamaa-ili sujjadal lillaahi wahum daakhiruun.

49. Lan samubarang kang ana ing Langit lan samubarang gegremet kang ana ing Bumi, kabeh padha nungkul sujud marang ngarsaning Allah, mangkono uga para Malaikat ora padha gumedhe.

٤٩ - وَلِلَّهِ يَسْجُدُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مِنْ
دَابَّةٍ وَالْمَلَائِكَةُ وَهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُونَ ۝

Walillaahi yasjudu maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi min daabbatiw wal-malaa-ikatu wahum laa yastakbiruun.

50. Para Malaikat padha wedi marang PangeraNe sebab ana ing sandhuwure, sarta padha anindakake kabeh kang didhawuhake!

٥٠ - يَخَافُونَ رَبَّهُمْ مِنْ فَوْقِهِمْ وَيَفْعَلُونَ مَا
السجدة ع ١٢ يُؤْمَرُونَ ۝

Yakhaafuuna rabbahum min fauqihim wa yaf'aluuna maa yu'maruun.

Kaprahe manungsa iku yen kepepet marga kajepit kasusahan, lagi eling marang Pangeran!

51. Allah ngandika: "Sira kabeh aja padha nganggep ana Pangeran Loro, awit PanjenengaNe iku Pangeran kang Suwiji, saka iku sira padha wedia ngemungna marang Ingsun!".

٥١. وَقَالَ اللّٰهُ لَا تَتَّخِذُوْٓا اِلٰهَيْنِ اثْنَيْنِ ۚ اِنَّمَا هُوَ اِلٰهٌ وَّاحِدٌ ۚ فَاِيَّايَ فَارْهَبُوْنِ ۝

Wa qaalallaahu laa tattakhidzuu ilaahainits-nain, innamaa huwa ilaahuw waahid, fa-iyyaaya farhabuun.

52. Lan kagungaNe Allah sabarang kang ana ing Langit lan Bumi, lan PanjenengaNe kang kagungan Agama kang tetep salawase. Kena apa sira maiah padha wedi marang saliyane Allah?

٥٢. وَلَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَلَهُ الدِّيْنُ وَاصِبًا ۗ اَفَغَيْرَ اللّٰهِ تَتَّقُوْنَ ۝

Walahuu maa fis-samaawaati wal ardhi walahud diinu waashibaa, afaghairallaahi tattaquun.

53. Lan sadhengah kani'matan kang teka marang sira iku cetha saka ngarsaning Allah, banjur manawa sira kabeh kataman kasusahan, hiya mung marang PanjenengaNe pribadi anggonira nyuwun pitulung!

٥٣. وَمَا بِكُمْ مِّنْ نِّعْمَةٍ فَمِنَ اللّٰهِ ثُمَّ اِذَا مَسَّكُمُ الضُّرُّ فَاِلَيْهِ تَجْـَٔرُوْنَ ۚ ۝

Wamaa bikum min ni'matin faminallaahi tsumma idzaa massakumudh dhurru fa-ilaihi taj-aruun.

54. Sabanjure manawa PanjenengaNe wus ambengkas kasusahan mau saka sira, dumadakan ana sagolongannira padha nyakuthokake marang PangeraNe.

٥٤. ثُمَّ اِذَا كَشَفَ الضُّرَّ عَنْكُمْ اِذَا فَرِيْقٌ مِّنْكُمْ بِرَبِّهِمْ يُشْرِكُوْنَ ۝

Tsumma idzaa kasyafadh dhurra 'ankum idzaa fariiqum minkum birabbihim yusyrikuun.

55. Wong-wong mau banjur nyelaki kani'matan kang wus Ingsun paringake marang dheweke. Padha seneng-senenga sira kabeh ana ing kekafiran, ing mengko sira bakal sumurup akibate. 568)

٥٥. لِيَكْفُرُوْا بِمَآ اٰتَيْنٰهُمْ ۭ فَتَمَتَّعُوْا ۣ فَسَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ۝

Liyakfuruu bimaa aatainaahum, fatamatta'uu, fasaufa ta'lamuun.

568). Ayat no 51 - 55 saged kagerba wigatosipun makaten: wonten ewah-gingsiring masyarakat (social change) punika angsal pengaruh 4 faktor: 1. fisis geografis, 2. biologis, 3. tehnologis, 4. kabudayan (kulturil). Sering sanget tuwuh ontran-ontran sosial utawi konflik-konflik masyarakat sabab saking owah-gingsiring sosial (masyarakat). Ing mangka social-change punika sampun dados kodrating alam bebrayaning manungsa. Dados kedah ingkang permana, ngatos-atos lan enget ing Pangeran sarta waspada, sampun anggresula, bingung lan telas pangajeng-ajeng saking sihing Pangeran.

Sintena tiyang ingkang tansah enget ing Allah, penggalihipun badhe wiyar lan kathah iguh pratikel kangge mbangun Bangsa lan Negara.

56. Lan wong-wong musyrik iku padha mbage saka barang kang wus Ingsun rezekekake, didhewekake kanggo brahalane sabageyan, kang ora bisa omong, lan ora mangerti brahala mau! Demi Allah, sira kabeh mesthi bakal padha didangu saka barang kang sira gawe-gawe iku.

٥٦ - وَيَجْعَلُوْنَ لِمَا لَا يَعْلَمُوْنَ نَصِيْبًا مِّمَّا رَزَقْنٰهُمْ ۭ تَاللّٰهِ لَتُسْـَٔلُنَّ عَمَّا كُنْتُمْ تَفْتَرُوْنَ ۝

Wa yaj'aluuna limaa laa ya'lamuuna nashiibam mimmaa razaqnaahum, tallaahi latus-alunna 'ammaa kuntum taftaruun.

57. Lan wong-wong mau padha nganggep yen Malaikat putra-putrine Allah. Maha Suci Allah saka peputra, lan dheweke padha ngaku ndhaku barang kang dipingini yaiku anak lanang!

٥٧ - وَيَجْعَلُوْنَ لِلّٰهِ الْبَنٰتِ سُبْحٰنَهٗ ۙ وَلَهُمْ مَّا يَشْتَهُوْنَ ۝

Wa yaj'aluuna lillaahil banaati subhaanahuu wa lahum maa yasytahuun.

58. Manawa salah sawijine wong-wong mau diwenehi pawarta duwe anak wadon, rahine banjur dadi ireng, sarta dheweke iku nesu banget.

٥٨ - وَاِذَا بُشِّرَ اَحَدُهُمْ بِالْاُنْثٰى ظَلَّ وَجْهُهٗ مُسْوَدًّا وَّهُوَ كَظِيْمٌ ۝ ۚ

Wa-idzaa busysyira ahaduhum bil untsaa zhalla wajhuhuu muswaddaw wahuwa kazhiim.

59. Dheweke umpetan saka kaume, jalaran saka ora senenge duwe anak wadon, sarta sawatara dina dheweke ora ngetok marang kanca-kancane, kajaba sawuse mutusake, apa iku anak dipiara kanthi ina, lan wirang, utawa dikubur wae urip-uripan! Ala banget apa kang wus diputusake dening wong-wong mau.

٥٩ - يَتَوَارٰى مِنَ الْقَوْمِ مِنْ سُوْۗءِ مَا بُشِّرَ بِهٖ ۭ اَيُمْسِكُهٗ عَلٰي هُوْنٍ اَمْ يَدُسُّهٗ فِي التُّرَابِ ۭ اَلَا سَاۗءَ مَا يَحْكُمُوْنَ ۝

Yatawaraa minal qaumi min suu-i maa busysyira bih, ayumsikuhuu 'alaa huunin am yadussuhuu fit-turaab, alaa saa-a maa yahkumuun.

60. Tumrape wong-wong kang padha ora iman marang Akherat, iku duwe sifat kang ala, dene tumrape Allah iku kagungan sifat kang Luhur, lan PanjenengaNe Allah iku kang Maha Gagah tur Maha Wicaksana!

٦٠ - لِلَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ مَثَلُ السَّوْءِ ۚ وَلِلّٰهِ الْمَثَلُ الْاَعْلٰى ۭ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝ ع ١٣

Lilladziina laa yu'minuuna bil aakhirati matsalus sauu', wa lillaahil matsalul a'laa, wahuwal 'aziizul hakiim.

Ora pantes wong musyrik nisbatake ing sawiji-wiji marang Allah.

61. Saupama Allah karsa anurunake siksa marang manungsa, jalaran saka kazhalimane, mesthi PanjenengaNe ora ninggal gegremet siji bae ana ing Bumi, ananging PanjenengaNe pancen karsa maringi tempo marang wong-wong mau nganti tumeka mangsa kang wus katamtokake. Manawa wus tumeka ing mangsane, ora bisa ngundurake sanajan mung saejam bae, lan uga ora bisa ngajokake.

٦١- وَلَوْ يُؤَاخِذُ اللّٰهُ النَّاسَ بِظُلْمِهِمْ مَّا تَرَكَ عَلَيْهَا مِنْ دَآبَّةٍ وَّلٰكِنْ يُّؤَخِّرُهُمْ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ۚ فَاِذَا جَآءَ اَجَلُهُمْ لَا يَسْتَاْخِرُوْنَ سَاعَةً وَّلَا يَسْتَقْدِمُوْنَ ۝

Walau yu-aakhidzul laahun naasa bizhulmihim, maa taraka 'alaihaa min daabbatiw walaakiy yu-aakhiruhum ilaa ajalim musammaa, fa-idzaa jaa-a ajaluhum laa yasta'khiruuna saa'ataw walaa yastaqdimuun.

62. Dene perkara kang digethingi dening wong-wong mau yaiku anak wadon diakokake putrane Allah, sarta lisan-lisane ngucapake gegorohan, yaiku manawa dheweke padha ngaku entuk ganjaran Suwarga. Ing mangka wus ora mamang maneh yen dheweke iku entuk siksa Neraka, lan temen dheweke iku didhisikake marang Neraka.

٦٢- وَيَجْعَلُوْنَ لِلّٰهِ مَا يَكْرَهُوْنَ وَتَصِفُ اَلْسِنَتُهُمُ الْكَذِبَ اَنَّ لَهُمُ الْحُسْنٰى ۗ لَا جَرَمَ اَنَّ لَهُمُ النَّارَ وَاَنَّهُمْ مُّفْرَطُوْنَ ۝

Wa yaj'aluuna lillaahi maa yakrahuuna watashifu alsinatuhumul kadziba anna lahumul husnaa, laa jarama anna lahumun naara wa annahum mufrathuun.

63. Demi Allah, temen Ingsun wus angutus Rasul marang umat-umat sadurungira, syetan banjur maesi tumindake wong kang ala nuli katon becik, ing mangka syetan iku dadi panguruse wong-wong mau ana ing dina iki, yaiku Donya, lan ana ing Akherat bakal kapatrapan siksa kang nglarani.

٦٣- تَاللّٰهِ لَقَدْ اَرْسَلْنَآ اِلٰٓى اُمَمٍ مِّنْ قَبْلِكَ فَزَيَّنَ لَهُمُ الشَّيْطٰنُ اَعْمَالَهُمْ فَهُوَ وَلِيُّهُمُ الْيَوْمَ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Tallaahi laqad arsalnaa ilaa imamim min qablika fazayyana lahumusy syaithaanu a'maalahum fahuwa waliyyuhumul yauma walahum 'adzaabun aliim.

64. Lan Ingsun ora nurunake Kitab Quraan marang sira Muhammad, kajaba supaya sira anggo anerang-nerangake marang wong-wong mau ana ing bab Agama kang padha pasulayan, lan Kitab iku dadi pituduh sarta rahmat tumrap para kaum kang padha iman.

٦٤- وَمَآ اَنْزَلْنَا عَلَيْكَ الْكِتٰبَ اِلَّا لِتُبَيِّنَ لَهُمُ الَّذِى اخْتَلَفُوْا فِيْهِ ۙ وَهُدًى وَّرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ۝

Wamaa anzalnaa 'alaikal kitaaba illaa litubayyina lahumul ladzikh-talafuu fiih, wa hudaw wa rahmatal liqaumiy yu'minuun.

Kawruh ilmu lan tehnologi iku kapundhut saka 'Alam jagad raya!

65. Lan Allah wus anurunake banyu saka ing Langit, PanjenengaNe banjur nguripake Bumi kang maune mati nganggo banyu mau.*) Satemene kang mangkono mau dadi tandha yekti Kaagunganing Pangeran tumrap wong-wong kang gelem ngrungokake piwulang.

٦٥- وَاللّٰهُ أَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً فَأَحْيَا بِهِ الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۗ إِنَّ فِي ذٰلِكَ لَآيَةً لِّقَوْمٍ يَّسْمَعُوْنَ ۝ ع ١٣

Wallaahu anzala minas-samaai maa-an fa-ahyaa bihil-ardha ba'da mautihaa, inna fii dzaalika la-aayatal liqaumiy yasma'uun.

66. Lan satemene sira padha bisa oleh kupiya ana ing bab raja kaya iku dadi ibarat tumrap sira kabeh, Ingsun paring omben-omben marang sira barang kang ana ing wetenge, kang ana ing antarane tlethong lan getih, yaiku powan kang murni, sarta gumlenggeng seger tumrap wong-wong kang padha ngombe.

٦٦- وَإِنَّ لَكُمْ فِي الْأَنْعَامِ لَعِبْرَةً ۖ نُّسْقِيكُمْ مِّمَّا فِي بُطُوْنِهٖ مِنْ بَيْنِ فَرْثٍ وَّدَمٍ لَّبَنًا خَالِصًا سَآئِغًا لِّلشّٰرِبِيْنَ ۝

Wa-inna lakum fil-an'aami la'ibratan nusqiikum mimmaa fii buthuunihii mim baini fartsiw wadamil labanan khaalishan saa-ighal lisysyaaribiin.

67. Lan saka woh kurma sarta anggur, sira alap paedahe dadi omben-omben kang mendemi, lan rezeki kang becik; satemene kang mangkono iku dadi tandha yekti kuwasanIngsun tumrap wong-wong kang padha gelem nandukake akale.

٦٧- وَمِنْ ثَمَرٰتِ النَّخِيْلِ وَالْأَعْنَابِ تَتَّخِذُوْنَ مِنْهُ سَكَرًا وَّرِزْقًا حَسَنًا ۗ إِنَّ فِي ذٰلِكَ لَآيَةً لِّقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ۝

Wamin tsamaraatin nakhiili wal-a'naabi tattakhidzuuna minhu sakaraw wa rizqan hasanaa, inna fii dzaalika la-aayatal liqaumiy ya'qiluun.

68. Lan Pangeranira wus paring ilham marang tawon, yaiku: "Yaiku supaya sira gawe omah tala, ana ing Gunung-Gunung, lan ana ing wit-witan lan ana ing glodhog kang digawe dening manungsa. **).

٦٨- وَأَوْحٰى رَبُّكَ إِلَى النَّحْلِ أَنِ اتَّخِذِيْ مِنَ الْجِبَالِ بُيُوْتًا وَّمِنَ الشَّجَرِ وَمِمَّا يَعْرِشُوْنَ ۝

Wa auhaa rabbuka ilan nahli anit-takhidzii minal jibaali buyuutaw waminasy-syajari wa mimmaa ya'ritsuun.

69. "Banjur sira padha mangana sarupaning woh-wohan, tumuli ngambaha dedalaning Pangeranira sarana nungkul". Saka we-

٦٩- ثُمَّ كُلِيْ مِنْ كُلِّ الثَّمَرٰتِ فَاسْلُكِيْ سُبُلَ رَبِّكِ ذُلُلًا ۗ يَخْرُجُ مِنْ بُطُوْنِهَا شَرَابٌ مُّخْتَلِفٌ أَلْوَانُهٗ فِيْهِ شِفَآءٌ

*). Saking ayat no. 65 tuwuh tehnologi hydro, irigasi, ilmu damel baita, laboratorium samudra lan sapanunggilanipun.
Dene ayat no. 66 nuwuhaken ilmu tehnologi bebranahan hewan (peternakan) kados dene ingkang dipun sinau ing Fakultas Peternakan Universitas Gadjah Mada - Yogyakarta.
Makaten ugi ayat no. 67 lajeng jumedhul tehnologi ilmu tehnik pertanian, lan wonten ing ayat no. 68 anyebabaken thukuling ilmu tehnik kehutanan (anggulawenthah sarta manfa'ataken wulu wedaling wana).

**). Mirsanana suraosing ayat: 35 - 37 Surat Ath-Thuur (Pagunungan).

tenge tawon iku metu omben-omben madu kang beda-beda warnane, tur ana ing omben-omben mau dadi tamba kanggo manungsa. Satemene ing kono iku dadi tandha yekti kuwasanIngsun tumrap wong kang padha gelem mikir-mikir.*)

لِلنَّاسِ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ۝

Tsumma kulii min kullits tsamaraati faslukii subula rabbiki dzululaa, yakhruju mim buthuunihaa syaraabum mukhtalifun alwaanuhuu fiihi syifaa-ul linnaas, inna fii dzaalika la-aayatal liqaumiy yatafakkaruun.

70. Lan Allah kang wus anitahake sira kabeh, PanjenengaNe banjur bakal mundhut ing sira kabeh, sawenehira ana kang diterusake nganti tumeka umur tuwa, supaya dheweke ora mangerti barang kang wus dimangerteni. Satemene Allah iku Maha Nguningani sarta Maha Kuwasa.

٧٠- وَاللَّهُ خَلَقَكُمْ ثُمَّ يَتَوَفَّاكُمْ وَمِنكُم مَّن يُرَدُّ إِلَىٰ أَرْذَلِ الْعُمُرِ لِكَيْ لَا يَعْلَمَ بَعْدَ عِلْمٍ شَيْئًا ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ قَدِيرٌ ۝ ع ٩ ١٥

Wallaahu khalaqakum tsumma yatawaffaakum, wa minkum may yuraddu ilaa ardzalil 'umuri likailaa ya'lama ba'da 'ilmin syai-aa, innallaaha 'aliimun qadiir.

71. Lan Allah wus ngluwihake sawenehira ngungkuli ing sawenehe, ana ing perkara rizqi. Dene wong-wong kang diluwihake rezekine iku ora gelem menehi rezeki marang para kawulane. Banjur wong-wong mau mung padha wae karo bature mau, faqir

٧١- وَاللَّهُ فَضَّلَ بَعْضَكُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ فِي الرِّزْقِ ۚ فَمَا الَّذِينَ فُضِّلُوا بِرَادِّي رِزْقِهِمْ عَلَىٰ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ فَهُمْ فِيهِ سَوَاءٌ ۚ أَفَبِنِعْمَةِ اللَّهِ يَجْحَدُونَ ۝

*). Toya maben punika hasilipun tawon, sabageyan saking campuranipun glukosa (gendhis anggur) lan fruktosa (gendhis-uwoh). Tawon wau ngisep nectar, toya seger legi ingkang kadamel saking nglebeting kelanjer mabenipun sawarnining sekar-sekar, lajeng kasimpen ing pucuking usus ingkang mlembung, inggih punika padharaning-maben, papanipun nectar dados toya maben. Tawon-tawon atusan ewon wau sami idu wonten ing pinten-pinten sel ingkang sampun katamtokaken dening piyambakipun, boten saged tabrakan! Sarwa rukun, gayeng, lan trengginas ing damel, sepi ing pamrih rame ing gawe! Makaten wau wonten satunggaling glodhog tala maben! Wonten ing riku toya maben wau lajeng njendhel, jalaran toyanipun nguap! Manungsa kantun ngunjuk lan ndamel dados jampi, ingkang dipun analisa ing laboratorium lan para apoteker saged damel obat-obat warni-warni kasiyatipun. Makaten ugi para dokter lajeng saged diagnose dhateng pasienipun, lan paring therapi jenis sakitipun tiyang, inggih saking toya maben wau para apoteker lan dokter ngrembaka ilmu lan tehnikipun ikhtiyar nyarasaken tiyang sakit. Wiwit bayi ingkang taksih abrit, dumugi tiyang sepuh, senaosa badanipun saras kasarasan, nesep utawi ngunjuk toya maben punika kathah sanget faedahipun ing salira! Ugi ing Negari-Negari ingkang sampun majeng Pertanianipun, khusus ngingah mayuta-yuta tala maben punika sampun dados dagangan ageng-agengan, wira-wirining import export ugi kalebet toya maben saking tawon (nahl) wau! Tawon wonten werni kalih: 1. Tawon alasan (Apis dorsata) utawi gong (naning), badanipun ageng, talanipun maben terkadhang panjang lan ambanipun dumugi 1 meter, gemandhul ing wit (pang) ageng. Sel ratu, sel tawon jaler lan sel tawon prajurit anggenipun sasarengan nyambut damel sami kemawon. 2. Tawon maben (Apis indica), inggih tawon maben biasa dipun ingah punika! Umumipun dipun ingah salebeting glodhok, perlunipun saged mendhet lilin lan mabenipun. Ing jaman modern punika, tiyang sampun tambah wasis damel kandhang modern kangge ngingah tawon mayuta-yuta wonten pakebonan wiyar, tambah sae ingkang celak wana, ing pareden. Kandhang modern wau dipun iyasakaken tala-damelan saking parafin, supados para tawon boten mbucal wekdal ndadak damel tala piyambak, saking makaten kasilipun tambah kathah. Gesang bebrayanipun tawon wau gesang sosial! Satunggal tala cekap satunggal ratu, lan maewu-ewu tawon jaler-prajurit. Manawi ratu nem badhe lahir, ratu sepuh siaga lajeng kesah ginarebeg atusan tawon jaler-prajurit, ndamel padhukuhan enggal! Tawon jaler ngentup nguwohi ratu nem kaliyan miber kesah lajeng pejah! Dene manawi nembe paceklik kirang tetedhan, tawon jaler sami dipun pejahi. Tawon-tawon jaler prajurit wau bau kasar ingkang tansah rerigen nyambut damel, rinten dalu, boten kendel-kendel tansah resikan sanget, tur sami-sami dados bayangkara (njagi kawilujenganing) ing sadaya warganipun!

(rupeg) rezekine. Apa wong-wong mau pantes nyelaki nikmate Allah? 569)

Wallaahu fadhdhala ba'dhakum 'alaa ba'dhin fir-rizqi famal ladziina fudhdhiluu biraaddii rizqihim 'alaa maa malakat aumaanuhum fahum fiihi sawaa' afabini'matil-laahi yajhaduun.

72. Lan Allah kang anitahake bojo saka awakira dhewe kanggo kamanfa'atanira, lan PanjenengaNe nggawekake sira kabeh saka bojo-bojo mau pirang-pirang anak lan putu, sarta paring marang sira rezeki kang becik-becik. Lah apa wong-wong mau malah padha iman marang bebatalan, lan nyelaki kanikmatane Allah?

٧٢- وَاللّٰهُ جَعَلَ لَكُمْ مِّنْ اَنْفُسِكُمْ اَزْوَاجًا وَّجَعَلَ لَكُمْ مِّنْ اَزْوَاجِكُمْ بَنِيْنَ وَحَفَدَةً وَّرَزَقَكُمْ مِّنَ الطَّيِّبٰتِ اَفَبِالْبَاطِلِ يُؤْمِنُوْنَ وَبِنِعْمَتِ اللّٰهِ هُمْ يَكْفُرُوْنَ ۝

Wallaahu ja'ala lakum min anfusikum azwaajaw waja'ala lakum min azwaajikum baniina wahafadataw warazaqakum minath-thayyibaat, afabil baathili yu'minuuna wabini'matil-laahi hum yakfuruun.

73. Lan wong-wong mau padha nyembah marang saliyane Allah, kang ora anduweni rezeki kanggo wong-wong mau, kang tumurun saka Langit, lan kang metu saka Bumi sathithik-thithika, lan barang mau ora padha bisa apa-apa.

٧٣- وَيَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَمْلِكُ لَهُمْ رِزْقًا مِّنَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ شَيْئًا وَّلَا يَسْتَطِيْعُوْنَ ۝

Wa ya'buduuna min duunillaahi maa laa yamliku lahum rizqam minas-samaawaati ardhi syai-aw walaa yastathii'uun.

74. Mula saka iku, sira aja gawe pepindhan tumraping Allah marang makhluke. Satemene Allah iku Maha Nguningani, dene sira kabeh iku ora padha mangerti.

٧٤- فَلَا تَضْرِبُوْا لِلّٰهِ الْاَمْثَالَ ۚ اِنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ وَاَنْتُمْ لَا تَعْلَمُوْنَ ۝

Falaa tadhribuu lillaahil amtsaal, innallaaha ya'lamu wa antum laa ta'lamuun.

75. Allah nyanepakake sawijining batur-tukon, kang ora bisa apa-apa, lan sawijining wong mardika kang Ingsun paringi rezeki

٧٥- ضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا عَبْدًا مَّمْلُوْكًا لَّا يَقْدِرُ عَلٰى شَيْءٍ وَّمَنْ رَّزَقْنٰهُ مِنَّا رِزْقًا حَسَنًا فَهُوَ يُنْفِقُ مِنْهُ سِرًّا

569). **Pramila manungsa ingkang nembe kajembaran ing rezeki peparingipun Allah SWT kedah emut sadherekipun ingkang ambetahaken pitulungan, ngengetana bilih amal jariyah ingkang kita danakaken kagem ngasanes punika estunipun boten ical, dening Allah ingkang Maha Murah Maha Asih badhe dipun lintoni ganjaran tikel 700 (pitung atus) pahala, sarta bandha ingkang kita zakati utawi kadanaken wau badhe tambah-tambah malih suburipun! Makaten kasebat ing dhawuh surat Al-Baqarah ayat 261; kadosta kadanakaken kagem griya sakit, pawiyatan luhur, pesantren, laboratorium, lembaga paniti priksa lan pangembangan ilmiyah, panti asuhan, Mesjid, Musholla, rehabilitasi sentrum (kagem para cacad badaniyah), maringi modal ingkang ekonominipun ringkih, lan sanes-sanesipun! Inggih makaten punika sosialisme Islam ingkang modern, sumonggo para sutrisna kula aturi mraktekaken!**

kang becik, dheweke nanjakake rezeki mau kanthi sidheman sarta ngedheng, apa padha wong loro mau? Kabeh puji iku kagunganing Allah, ananging akeh-akehe wong-wong iku ora padha mangerti.

وَجَهْرًا هَلْ يَسْتَوٗنَ اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ بَلْ اَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Dharabal-laahu matsalan 'abdam mamluukal laa yaqdiru 'alaa syai-iw wamar-razaqnaahu minnaa rizqan hasanan fahuwa yunfiqu minhu sirraw wajahraa, hal yastawuun, alhamdulillaah, bal aktsaruhum laa ya'lamuun.

76. Lan Allah andamel sanepa wong lanang loro, kang siji bisu, lan ora bisa apa-apa sarta pijer gawe kangelane bandarane, ana ing papan ngendi bae dheweke diparintah, ora tau bisa nekakake kabecikan. Apa dheweke iku padha karo wong kang mrentah kaadilan, sarta apa dheweke iku ana ing dalan kang jejeg?

٧٦- وَضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا رَّجُلَيْنِ اَحَدُهُمَآ اَبْكَمُ لَا يَقْدِرُ عَلٰى شَيْءٍ وَّهُوَ كَلٌّ عَلٰى مَوْلٰىهُ اَيْنَمَا يُوَجِّهْهُّ لَا يَاْتِ بِخَيْرٍ هَلْ يَسْتَوِيْ هُوَ ۙ وَمَنْ يَّاْمُرُ بِالْعَدْلِ ۙ وَهُوَ عَلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Wa dharabal-laahu matsalar rajulaini ahaduhumaa abkamu laa yaqdiru 'alaa syai-in wahuwa kallun 'alaa maulaahu ainamaa yuwajjih-hu laa ya'ti bikhaiir, hal yastawii huwa wamay ya'muru bil-'adli wahuwa 'alaa shiraathim mustaqiim.

77. Lan Allah piyambak kang kagungan ghaibing Langit lan Bumi, lan ora ana perkara adege Qiyamat iku, kajaba mung kaya sak kedheping netra, utawa malah luwih rikat. Jalaran satemene Allah iku Kuwasa marang sakabehing barang.

٧٧- وَلِلّٰهِ غَيْبُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۭ وَمَآ اَمْرُ السَّاعَةِ اِلَّا كَلَمْحِ الْبَصَرِ اَوْ هُوَ اَقْرَبُ ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Walillaahi ghaibus samaawaati wal-ardh, wamaa amrus saa'ati illaa kalamhil bashari au huwa aqrab, innallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

78. Lan Allah kang nglahirake sira kabeh saka wetenge Ibunira, sarta sira ora padha mangerti barang-barang. PanjenengaNe banjur ndadekake pangrungu, paningal lan ati, supaya sira padha syukur ing Allah.

٧٨- وَاللّٰهُ اَخْرَجَكُمْ مِّنْۢ بُطُوْنِ اُمَّهٰتِكُمْ لَا تَعْلَمُوْنَ شَيْـــًٔا ۙ وَّجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْاَبْصَارَ وَالْاَفْـِٕدَةَ ۙ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝

Wallaahu akhrajakum mim buthuuni ummahaatikum laa ta'lamuuna syai-aw wa ja'ala lakumus sam'a wal abshaara wal af-idatah, la'allakum tasykuruun.

79. Apa wong-wong iku ora padha ndeleng marang manuk kang kinereh mabur ana ing awang-awang kang dhuwur? ora ana kang bisa nyandhet manuk mau, kajaba mung Allah piyambak, sanyata kang mangkono iku dadi Ayat tandha yekti kuwasane Allah tumrap wong-wong kang padha iman.

٧٩- اَلَمْ يَرَوْا اِلَى الطَّيْرِ مُسَخَّرٰتٍ فِيْ جَوِّ السَّمَآءِ ۗ مَا يُمْسِكُهُنَّ اِلَّا اللّٰهُ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ۝

Alam yarau ilath-thairi musakhkharaatin fii jawwis samaa', maa yumsikuhunna illallaah, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yu'minuun.

80. Lan Allah wus ndadekake panggonan kanggo sira kabeh, yaiku ana ing omah-omahira kang digawe saka watu lan padhas, lan PanjenengaNe wus ndadekake omah-omah kang digawe saka walulange kewan kanggo sira, yaiku kemah kang gampang di-elih-elih, sarta entheng ana ing waktu mangkat lelungan lan tetepira manggon. Lan uga saka wulu domba, wulu unta, lan wulu wedhus benggala, bisa digawe pirantining omah lan katrampilan kasenenganira, nganti tekan mangsane rusak.

٨٠- وَاللّٰهُ جَعَلَ لَكُمْ مِّنْۢ بُيُوْتِكُمْ سَكَنًا وَّجَعَلَ لَكُمْ مِّنْ جُلُوْدِ الْاَنْعَامِ بُيُوْتًا تَسْتَخِفُّوْنَهَا يَوْمَ ظَعْنِكُمْ وَيَوْمَ اِقَامَتِكُمْ ۙ وَمِنْ اَصْوَافِهَا وَاَوْبَارِهَا وَاَشْعَارِهَآ اَثَاثًا وَّمَتَاعًا اِلٰى حِيْنٍ ۝

Wallaahu ja'ala lakum mim buyuutikum sakanaw waja'ala lakum min juluudil an'aami buyuutan tastakhiffuunahaa yauma zha'nikum wa yauma iqaamatikum, wamin ashwaafihaa wa aubaarihaa wa asy'aarihaa atsaatsaw wa mataa'an ilaa hiin.

81. Lan Allah wus ndadekake eyub-eyub kanggo sira kabeh saka barang kang wus dititahake, lan PanjenengaNe wus ndadekake guwa pandhelikan kanggo sira kabeh. Lan wus andamel kanggo sira kabeh sandhangan kanggo nulak panas, lan wus ndadekake klambi kere kanggo nulak pedhang ana palagan. Kaya anggone Allah wus paring kang sampurna nikmate marang sira kabeh, muga-muga sira padha sumarah ing PanjenengaNe!

٨١- وَاللّٰهُ جَعَلَ لَكُمْ مِّمَّا خَلَقَ ظِلٰلًا وَّجَعَلَ لَكُمْ مِّنَ الْجِبَالِ اَكْنَانًا وَّجَعَلَ لَكُمْ سَرَابِيْلَ تَقِيْكُمُ الْحَرَّ وَسَرَابِيْلَ تَقِيْكُمْ بَاْسَكُمْ ۗ كَذٰلِكَ يُتِمُّ نِعْمَتَهٗ عَلَيْكُمْ لَعَلَّكُمْ تُسْلِمُوْنَ ۝

Wallaahu ja'ala lakum mimmaa khalaqa zhilaalaw waja'ala lakum minal jibaali aknaanaw waja'ala lakum saraabiila taqiikumul harra wa saraabiila taqiikum ba'sakum, kadzaalika yutimmtu ni'matahuu 'alaikum la'allakum tuslimuun.

82. Manawa wong-wong mau padha mlengos nglirwakake, satemene sira Muhammad, iku mung saderma nekakake pawarta amanating Allah kalawan nyata.

٨٢- فَاِنْ تَوَلَّوْا فَاِنَّمَا عَلَيْكَ الْبَلٰغُ الْمُبِيْنُ ۝

Fa-in tawallau fa-innamaa 'alaikal balaaghul mubiin.

83. Wong-wong mau padha sumurup kannikmatane Allah, dheweke banjur padha mukir, sarta akeh-akehe wong-wong mau padha kafir.

٨٣ - يَعْرِفُوْنَ نِعْمَتَ اللّٰهِ ثُمَّ يُنْكِرُوْنَهَا وَاَكْثَرُهُمُ الْكٰفِرُوْنَ ۝

Ya'rifuuna ni'matallaahi tsumma yunkiruu nahaa wa-aktsaruhumul kaafiruun.

Saben Rasul jumeneng saksi tumrap umate.

84. Lan elingna, ana ing dinane Ingsun bakal ngangkat Nabi jumeneng dadi saksi tumrap saben-saben umat; wong-wong kafir ora padha diparingi palilah ngaturake uzure, lan ora diperdi supaya golek karidhan!

٨٤ - وَيَوْمَ نَبْعَثُ مِنْ كُلِّ اُمَّةٍ شَهِيْدًا ثُمَّ لَا يُؤْذَنُ لِلَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَلَا هُمْ يُسْتَعْتَبُوْنَ ۝

Wa yauma nab'atsu min kulli ummatin syahiidan tsumma laa yu'dzanu lilladziina kafaruu walaa hum yusta'tabuun.

85. Manawa wong-wong kang nganiaya iku wus sumurup siksa Naraka, mesthi ora bakal padha dienthengake siksa mau tumrap dheweke, lan ora disamenekake maneh.

٨٥ - وَاِذَا رَاَ الَّذِيْنَ ظَلَمُوا الْعَذَابَ فَلَا يُخَفَّفُ عَنْهُمْ وَلَا هُمْ يُنْظَرُوْنَ ۝

Wa idzaa ra-alladziina zhalamul 'adzaaba falaa yukhaffafu 'anhum walaa hum yunzharuun.

86. Dene manawa wong-wong musyrik iku wus sumurup marang sekuthu-sekuthune, padha matur: "Dhuh Pangeran kita, lah punika sedaya sekuthon kula, ingkang kula sesuwuni, sanesipun Paduka!" Brahala-brahala mau anjawab nyelaki; pangucape: "Satemene sira kabeh iku mesthi padha goroh!"

٨٦ - وَاِذَا رَاَ الَّذِيْنَ اَشْرَكُوْا شُرَكَآءَهُمْ قَالُوْا رَبَّنَا هٰٓؤُلَآءِ شُرَكَآؤُنَا الَّذِيْنَ كُنَّا نَدْعُوْا مِنْ دُوْنِكَ ۚ فَاَلْقَوْا اِلَيْهِمُ الْقَوْلَ اِنَّكُمْ لَكٰذِبُوْنَ ۝

Wa idzaa ra-alladziina asyrakuu syurakaa-ahum qaaluu rabbanaa haa-ulaa-i syurakaa-unal ladziina kunnaa nad'uu min duunik, fa-alqau ilaihimul qaula innakum lakaadzibuun.

87. Lan ing dina iku wong-wong kang musyrik kabeh padha sumarah marang Allah, lan kabeh kang padha direka-reka mau ilang saka dheweke, yaiku nerangake yen brahala-brahala mau ora bakal bisa nyafa'ati.

٨٧ - وَاَلْقَوْا اِلَى اللّٰهِ يَوْمَئِذِ ِالسَّلَمَ وَضَلَّ عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ۝

Wa-alqau ilallaahi yauma-idzi(n)ssalama wa dhalla 'anhum maa kaanuu yaftaruun

88. Wong-wong kafir lan wong-wong kang sok ngalang-alangi lakune Agamaning Allah, mesthi Ingsun bakal nambahi siksane matumpuk-tumpuk, jalaran anggone padha gawe rusak.

٨٨ - اَلَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ زِدْنٰهُمْ عَذَابًا فَوْقَ الْعَذَابِ بِمَا كَانُوْا يُفْسِدُوْنَ ۝

Alladziina kafaruu wa shadduu 'an sabiilillaahi zidnaahum 'adzaaban fauqal 'adzaabi bimaa kaanuu yufsiduun.

89. Lan elingna, ana ing dinane Ingsun nangekake kabeh ummat, Ingsun tetepake saksi ing dheweke, saka bangsane, uga Ingsun wus ngangkat sira Muhammad dadi saksi tumrap ummatira kabeh. Lan Ingsun anurunake Kitab Quraan iku marang sira, supaya sira anerangake kabeh perkara, dadi pituduh, dadi rahmat, sarta dadi bebungah tumrap wong-wong Islam (kang sumarah ing Allah).

٨٩ - وَيَوْمَ نَبْعَثُ فِي كُلِّ أُمَّةٍ شَهِيدًا عَلَيْهِمْ مِنْ أَنْفُسِهِمْ وَجِئْنَا بِكَ شَهِيدًا عَلَىٰ هَٰؤُلَاءِ ۚ وَنَزَّلْنَا عَلَيْكَ الْكِتَابَ تِبْيَانًا لِكُلِّ شَيْءٍ وَهُدًى وَرَحْمَةً وَبُشْرَىٰ لِلْمُسْلِمِينَ ۝ ١٦ ع ١٨

Wa yauma nab'atsu fii kulli ummatin syahiidan 'alaihim min anfusihim wa ji'naa bika syahiidan 'alaa haa-ulaa-i, wa nazzalnaa 'alaikal kitaaba tibyaanal likulli syai-iw wahudaw wa rahmataw wa busyraa lilmuslimiin.

Pokok-pokoking budi-pakerti kang utama.

90. Satemene Allah andhawuhake laku adil, laku becik, lan weweh marang sanak kulawarga, lan PanjenengaNe nyegah laku ala, lan mungkar yaiku perkara kang ora diidzinake dening Syara', sarta kalacutan. Allah paring pitutur marang sira kabeh muga-muga sira kabeh padha gelem eling!

٩٠ - إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ ۚ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ۝

Innallaaha ya'muru bil 'adli wal ihsaani wa iitaa-i dzil qurbaa wa yanhaa 'anil fahsyaa-i wal munkari wal baghyi, ya'izhukum la'allakum tadzakkaruun.

91. Lan sira padha nuhonana janjine Allah, manawa sira wus padha janji, lan sira aja padha ngrusak ing sumpah sawuse dikuwatake, lan temen sira wus andadekake Allah dadi saksinira. Satemene Allah iku Maha Nguningani barang kang padha sira tindakake.

٩١ - وَأَوْفُوا بِعَهْدِ اللَّهِ إِذَا عَاهَدْتُمْ وَلَا تَنْقُضُوا الْأَيْمَانَ بَعْدَ تَوْكِيدِهَا وَقَدْ جَعَلْتُمُ اللَّهَ عَلَيْكُمْ كَفِيلًا ۚ إِنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا تَفْعَلُونَ ۝

Wa aufuu bi'ahdillaahi idzaa 'aahadtum walaa tanqudhul aimaana ba'da taukiidihaa waqad ja'altumul-laaha 'alaikum kafiilaa, innallaaha ya'lamu maa taf'aluun.

92. Lan anggonira ngrusak sumpah iku, aja kaya kaanane wong wadon kang ngudhari sambungan antihan sawuse dikencengake, sabab mesthi bakal udhar kabeh; yaiku sira ngangkat sumpah kang perlune kanggo gawe onar ing antaranira, jalaran kaanane golongan kaum Quraisy, luwih akeh cacah lan kasugihane, tinimbang golongan kang iman. Satemene Allah karsa nyoba ing sira

٩٢ - وَلَا تَكُونُوا كَالَّتِي نَقَضَتْ غَزْلَهَا مِنْ بَعْدِ قُوَّةٍ أَنْكَاثًا ۚ تَتَّخِذُونَ أَيْمَانَكُمْ دَخَلًا بَيْنَكُمْ أَنْ تَكُونَ أُمَّةٌ هِيَ أَرْبَىٰ مِنْ أُمَّةٍ ۚ إِنَّمَا يَبْلُوكُمُ اللَّهُ بِهِ ۚ وَلَيُبَيِّنَنَّ لَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ مَا كُنْتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ۝

kabeh kalawan dhawuh mau, lan PanjenengaNe mesthi nerangake marang sira kabeh besuk ana ing dina Qiyamat, bab perkara kang sira padha sulaya. 570)

Walaa takuunuu kallatii naqadhat ghazlahaa mim ba'di quwwatin ankaatsaa, tattakhidzuuna aimaanakum dakhalan bainakum an takuuna ummatun hiya arbaa min ummah, innamaa yabluukumullaahu bih, walayubayyinanna lakum yaumal qiyaamati maa kuntum fiihi takhtalifuun.

93. Lan saupama dadi kaparenging karsane Allah, yekti sira kabeh didadekake ummat siji ana ing Agama kang haq, ananing Allah nyasarake sapa kang dikarsakake, lan paring pituduh marang sapa kang dikarsakake. Lan sira kabeh mesthi didangu samubarang kang sira tindakake.

٩٣- وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ لَجَعَلَكُمْ أُمَّةً وَّاحِدَةً وَّلٰكِنْ يُّضِلُّ مَنْ يَّشَآءُ وَيَهْدِىْ مَنْ يَّشَآءُ ۭ وَلَتُسْـَٔلُنَّ عَمَّا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Walau syaa-allaahu laja'alakum ummataw waahidataw walaakiy yudhillu may yasyaa-u wa yahdii may yasyaa', walatus-alunna 'ammaa kuntum ta'maluun.

94. Lan sira aja ndadekake sumpahmu kanggo ngreka daya ing antaranira, kang anjalari kaplesete dlamakanira, sawuse tetepe, lan sira bakal ngicipi siksa kang banget alane; sabab dosanira wus ngalang-alangi manungsa kang nindakake Agamaning Allah, lan sira kabeh kapatrapan siksa kang gedhe temenan.

٩٤- وَلَا تَتَّخِذُوْٓا اَيْمَانَكُمْ دَخَلًۢا بَيْنَكُمْ فَتَزِلَّ قَدَمٌۢ بَعْدَ ثُبُوْتِهَا وَتَذُوْقُوا السُّوْٓءَ بِمَا صَدَدْتُّمْ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۚ وَلَكُمْ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ۝

Walaa tattakhidzuu aimaanakum dakhalam bainakum fatazilla qadamum ba'da tsubuutihaa wa tadzuuqus-suu-a bimaa shadad-tum 'an sabiilillaah, walakum 'adzaabun 'azhiim.

95. Lan sira aja ngedol perjanjiyane Allah sarana rega sathithik, satemene ganjaran kang ana ing ngarsaning Allah iku luwih becik tumrap sira kabeh, manawa sira kabeh padha mangerti.

٩٥- وَلَا تَشْتَرُوْا بِعَهْدِ اللّٰهِ ثَمَنًا قَلِيْلًا ۭ اِنَّمَا عِنْدَ اللّٰهِ هُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ۝

Wala tasytaruu bi'ahdillaahi tsamanan qaliilaa, innamaa 'indallaahi huwa khairul lakum inkuntum ta'lamuun.

96. Kabeh barang kang ana ing sira iku mesthi bakal entek, dene barang kang ana ing ngarsaning Allah iku langgeng. Lan yekti Ingsun bakal paring ganjaran tumrap wong-

٩٦- مَا عِنْدَكُمْ يَنْفَدُ ۭ وَمَا عِنْدَ اللّٰهِ بَاقٍ ۭ وَلَنَجْزِيَنَّ الَّذِيْنَ صَبَرُوْٓا اَجْرَهُمْ بِاَحْسَنِ مَا كَانُوْا

570). Ing zaman samanten cacahipun tiyang Islam nembe sakedhik sami damel parjanjian kiyat kalayan Nabi s.a.w., sabab situasi lan kondisi tiyang kafir Quraisy kiyat sarta pangalamanipun cekap. Ing wusana titiyang ingkang damel parjanjian kala wau gadhah krentek badhe ambatalaken, pramila Gusti Allah paring dhawuh: dipun awisi! Makaten sawatawis katerangan saking ayat 92 - 96, dados anetepi (teguh) ing janji punika kalebet budi pakerti utama, sifating ksatriya.

wong kang padha sabar (teguh ing janji), kalawan ganjaran kang luwih becik tinimbang karo barang kang wus tau dilakoni.

يَعْمَلُوْنَ ۝

Maa 'indakum yanfadu wamaa 'indallaahi baaq, walanajziyannal ladziina shabaruu ajrahum bi-ahsani maa kaanuu ya'maluun.

97. Sing sapa nindakake laku becik, padha uga priya utawa wanita, lan dheweke iku iman, mesthi Ingsun bakal maringi panguripan kang kapenak ana ing Donya, sarta Ingsun bakal nyampurnakake ganjarane kalawan kang luwih becik, tinimbang karo barang kang wus tau ditindakake. 571)

٩٧- مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِّنْ ذَكَرٍ اَوْ اُنْثٰى وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَنُحْيِيَنَّهٗ حَيٰوةً طَيِّبَةً ۚ وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ اَجْرَهُمْ بِاَحْسَنِ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Man 'amila shaaliham min dzakarin au untsaa wahuwa mu'minun falanuhyiyannahuu hayaatan thayyibah, walanajziyannahum ajrahum bi-ahsani maa kaanuu ya'maluun.

98. Dene manawa sira maca Quraan, becik nyuwuna reksa ing Allah, maca ta'awwudz, nyuwun reksa saka panggodha rencananing syetan kang diranjam!

٩٨- فَاِذَا قَرَاْتَ الْقُرْاٰنَ فَاسْتَعِذْ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطٰنِ الرَّجِيْمِ ۝

Fa-idzaa qara'tal qur-aana fasta'idz billaahi minasy syaithaanir rajiim.

99. Satemene syetan iku ora duwe panguwasa apa-apa marang wong kang padha iman lan tawakkal (sumarah) marang PangeraNe.

٩٩- اِنَّهٗ لَيْسَ لَهٗ سُلْطٰنٌ عَلَى الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَلٰى رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُوْنَ ۝

Innahuu laisa lahuu sulthaanun 'alal ladziina aamanuu wa'alaa rabbihim yatawakkaluun.

100. Satemene kuwasane syetan iku mung marang wong kang padha nganggep bendara marang dheweke, lan wong-wong kang nyakuthokake marang Allah.

١٠٠- اِنَّمَا سُلْطٰنُهٗ عَلَى الَّذِيْنَ يَتَوَلَّوْنَهٗ وَالَّذِيْنَ هُمْ بِهٖ مُشْرِكُوْنَ ۝ ع ١٣

Innamaa sulthaanuhuu 'alal ladziina yatawallau nahuu walladziina hum bihii musyrikuun.

---

571). Wonten ing azas hukum Islam, sintena kemawon priya utawi wanita badhe nampi ganjaran ingkang sami, sarta amal shaleh wau kedah adhedhasar iman. Dados manawi boten amal shaleh, inggih boten pikantuk ganjaran, pramila ing piwulang Islam boten wonten "wong wadon iku Suwarga nunut, Neraka katut", ingkang leres Islam punika demokratis - agamis wonten ing hak lan kuwajiban. Engeta emancipatie ingkang dipun anjuraken Ibu R.A. Kartini punika supados wanita gadhah hak lan kuwajiban sami kaliyan priya ing laladan pendidikan lan pengajaran. Dados dhasar ujar gagasanipun adhedhasar Agami Islam sarta demokratis.

Allah luwih pirsa apa kang manfa'at lan cocok ing suwasana lan jaman.

101. Manawa Ingsun angganti sawijining ayat marang panggonan ayat liya, lan Allah iku luwih ngawuningani kabeh kang tinurunake, wong mau padha angucap: "Saleresipun panjenengan Muhammad, punika namung tiyang ingkang damel-damel!" Ananging akeh-akehe wong-wong mau ora padha mangerti.

١٠١- وَإِذَا بَدَّلْنَآ اٰيَةً مَّكَانَ اٰيَةٍ ۙ وَّاللّٰهُ اَعْلَمُ بِمَا يُنَزِّلُ قَالُوْٓا اِنَّمَآ اَنْتَ مُفْتَرٍ ۚ بَلْ اَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Wa-idzaa baddalnaa aayatam makaana aayatiw wallaahu a'lamu bimaa yunazzilu qaaluu innamaa anta muftar, bal aktsaruhum laa ya'lamuun.

102. Sira dhawuha Muhammad: "Quraan iku diturunake dening Roh Suci, Jibril, saka ngarsane Pangeranira kalawan haq kanggo netepake ati-atine wong Mu'min, lan dadi pituduh sarta dadi pawarta-bungah tumrap wong-wong Islam (sumarah ing Allah).

١٠٢- قُلْ نَزَّلَهٗ رُوْحُ الْقُدُسِ مِنْ رَّبِّكَ بِالْحَقِّ لِيُثَبِّتَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَهُدًى وَّبُشْرٰى لِلْمُسْلِمِيْنَ ۝

Qul nazzalahuu ruuhul-qudusi mir rabbika bil-haqqi liyutsabbital ladziina aamanuu wa hudaw wa busyraa lilmuslimiin..

103. Lan satemene Ingsun Ngawuningani manawa wong-wong mau padha ngucap: "Satemene kang mulang dheweke Muhammad, iku mung sawijining manungsa!" Pangandikaning Allah: "Tembunge kang dituduhake dening wong-wong mau tembung 'Ajam (tembung manca), ing mangka iki Quraan nganggo basa Arab kang cetha!" 572)

١٠٣- وَلَقَدْ نَعْلَمُ اَنَّهُمْ يَقُوْلُوْنَ اِنَّمَا يُعَلِّمُهٗ بَشَرٌ ۗ لِسَانُ الَّذِيْ يُلْحِدُوْنَ اِلَيْهِ اَعْجَمِيٌّ وَّهٰذَا لِسَانٌ عَرَبِيٌّ مُّبِيْنٌ ۝

Walaqad na'lamu annahum yaquuluuna innamaa yu'allimuhuu basyarun lisaanul ladzii yulhiduuna ilaihi a'jamiyyuw wa haadzaa lisaanun 'arabiyyum mubiin.

Wong kang adoh saka pituduhing Allah.

104. Satemene wong-wong kang ora iman marang ayat-ayating Allah (Quraan), temen Allah ora bakal karsa anuduhake marang dheweke, malah wong-wong mau kapatrapan siksa kang perih.

١٠٤- اِنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ ۙ لَا يَهْدِيْهِمُ اللّٰهُ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Innalladziina laa yu'minuuna bi-aayaatil laahi laa yahdiihimullaahu wa lahum 'adzaabun aliim.

572). Titiyang kafir andakwa manawi Andika Rasulullah s.a.w. punika dipun wucal tiyang ingkang pangertosanipun basa Arab awon, dados nyamekaken kasusastranipun basa Arab ing Quraan punika boten sae. Ananging nyatanipun anedahaken bilih Al-Quraan punika basanipun sarwa unggul kasusastranipun, sarta mumpuni samudayaning hajatipun ngagesang ing alam Donya dumugining Akherat. Dipun waos tiyang linangkung (intelek) dumugi zaman tehnologi-modern sapunika boten telas-telas lan kendel-kendel anggenipun kepingin nyumerapi wewados-wewados ing salebeting Al-Quraan ingkang basa Arab wau. Rak inggih makaten ta, dhuh para sutrisna? kadosta Prof. Ignaz Goldziher wonten ing buku karyanipun "Die richtungen der Islamischen Koranauslegung" (Leiden E.J. Brill - 1952)

105. Mesthine wong-wong kang padha gawe gegorohan iku, yaiku wong-wong kang ora iman marang ayat-ayating Allah, lan wong-wong mau yaiku wong kang padha goroh.

١٠٥- إِنَّمَا يَفْتَرِي الْكَذِبَ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِآيَاتِ اللَّهِ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْكَاذِبُونَ ۝

Innamaa yaftaril kadzibal ladziina laa yu'minuuna bi-aayaatillaah, wa ulaa-ika humul kaadzibuun.

106. Sapa sing kafir marang Allah sawuse imane, mesthi tampa bebenduning Allah, kajaba wong kang dipeksa marang kekafiran, ananging atine tetep mantep ana ing iman (dheweke ora dosa), ananging sapa sing jembar atine tur pancen ngarepi kekafiran, wong-wong mau mesthi tampa bebenduning Allah, lan bakal kapatrapan siksa kang gedhe.

١٠٦- مَنْ كَفَرَ بِاللَّهِ مِنْ بَعْدِ إِيمَانِهِ إِلَّا مَنْ أُكْرِهَ وَقَلْبُهُ مُطْمَئِنٌّ بِالْإِيمَانِ وَلَٰكِنْ مَنْ شَرَحَ بِالْكُفْرِ صَدْرًا فَعَلَيْهِمْ غَضَبٌ مِنَ اللَّهِ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ۝

Man kafara billaahi mim ba'di iimaanihii illaa man akriha wa qalbuhuu muthma-innum bil iimaani walaakim man syaraha bil-kufri shadran fa'alaihim ghadhabum minallaah, walahum 'adzaabun 'azhiim.

107. Kang kaya mangkono iku (kang isih ngarepi kekafirane), jalaran dheweke padha kasengsem marang kauripan Donya, ngalahake kauripan Akherat, lan satemene Allah ora karsa nuduhake marang wong kang padha kafir.

١٠٧- ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمُ اسْتَحَبُّوا الْحَيَاةَ الدُّنْيَا عَلَى الْآخِرَةِ وَأَنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْكَافِرِينَ ۝

Dzaalika bi-annahumus tahabbul hayaatad dun-yaa 'alal aakhirah, wa annallaaha laa yahdil qaumal kaafiriin.

108. Wong-wong kang mangkono iku, yaiku wong-wong kang atine, pangrungune, lan pandelenge wus ditutup dening Allah. Lan wong-wong kang mangkono mau yaiku wong kang padha nglirwakake (anggegampang).

١٠٨- أُولَٰئِكَ الَّذِينَ طَبَعَ اللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ وَسَمْعِهِمْ وَأَبْصَارِهِمْ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْغَافِلُونَ ۝

Ulaa-ikal ladziina thaba'allaahu 'alaa quluubihim wa sam'ihim wa abshaarihim, wa ulaa-ika humul ghaafiluun.

109. Wus ora mamang maneh manawa dheweke iku besuk ana ing Akherat kalebu ewone wong-wong kang padha rugi.

١٠٩- لَا جَرَمَ أَنَّهُمْ فِي الْآخِرَةِ هُمُ الْخَاسِرُونَ ۝

Laa jarama annahum fil aakhirati humul khaasiruun.

110. Banjur kanyatan satemene Rakhmating Pangeranira iku kaparingake marang wong-wong kang hijrah sawuse kena coba, dheweke banjur padha perang (saperlu labuh Agamaning Allah), sarta padha sabar, sate-

١١٠- ثُمَّ إِنَّ رَبَّكَ لِلَّذِينَ هَاجَرُوا مِنْ بَعْدِ مَا فُتِنُوا ثُمَّ جَاهَدُوا وَصَبَرُوا إِنَّ رَبَّكَ مِنْ بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ۝ ع ١٤

mene Pangeranira sawuse hijrah iku sayekti Maha Ngapura sarta Maha Asih.

Tsumma inna rabbaka lilladziina haajaruu mim ba'di maa futinuu tsumma jaahaduu wa shabaruu, inna rabbaka mim ba'dihaa laghafuurur rahiim.

111. Ana ing dinane sakabehing badan padha sowan kalawan padudon ambelani awake dhewe, lan kabeh badan ditetepi wawalese, satimbang karo kalakuwane, lan dheweke ora padha dikaniaya (dirugekake).

١١١- يَوْمَ تَأْتِي كُلُّ نَفْسٍ تُجَادِلُ عَنْ نَّفْسِهَا وَتُوَفّٰى
كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ۝

Yauma ta'tii kullu nafsin tujaadilu 'an nafsihaa wa tuwaffaa kullu nafsim maa 'amilat wahum laa yuzhlamuun.

112. Lan Allah andamel sanepa ing sawijining Negara, kang kahanane biyen aman lan tata tentrem, ahline tetep, rezekine jembar maprah-maprah tekane marang Negara iku saka ngendi-endi panggonan, nanging para warganing Negara mau banjur nyelaki kani'-mataning Allah, Allah nuli ngicipake marang wong-wong mau: rasa ngelih (paceklik) lan rasa wedi, jalaran perkara kang wus padha ditindakake.

١١٢- وَضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا قَرْيَةً كَانَتْ اٰمِنَةً مُّطْمَئِنَّةً
يَّأْتِيْهَا رِزْقُهَا رَغَدًا مِّنْ كُلِّ مَكَانٍ فَكَفَرَتْ
بِاَنْعُمِ اللّٰهِ فَاَذَاقَهَا اللّٰهُ لِبَاسَ الْجُوْعِ وَالْخَوْفِ
بِمَا كَانُوْا يَصْنَعُوْنَ ۝

Wa dharaballaahu matsalan qaryatan kaanat aaminatam muthma-innatay ya'-tiihaa rizquhaa raghadam min kulli makaanin fakafarat bi-an'umillaahi fa-adzaaqahal laahu libaasal juu'i wal khaufi bimaa kaanuu yash-na'uun.

113. Lan temen wus rawuh marang wong-wong mau sawijining Rasul saka golongane, wong-wong mau nuli padha anggorohake Rasul iku, Allah banjur matrapake siksa marang wong-wong mau, lan dheweke pinuju lagi padha nganiaya.

١١٣- وَلَقَدْ جَآءَهُمْ رَسُوْلٌ مِّنْهُمْ فَكَذَّبُوْهُ فَاَخَذَهُمُ
الْعَذَابُ وَهُمْ ظٰلِمُوْنَ ۝

Walaqad jaa-ahum rasuulum minhum fakadzdzabuuhu fa-akhadzahumul 'adzaabu wahum zhaalimuun.

Pangan kang halal lan kang haram.

114. Sira kabeh padha mangana rezeki kang wus diparingake dening Allah marang sira kabeh kang halal tur suci, lan padha ngaturna puji-syukur ing kani'mataning Allah, yen nyata sira kabeh iku manembah marang PanjenengaNe piyambak.

١١٤- فَكُلُوْا مِمَّا رَزَقَكُمُ اللّٰهُ حَلٰلًا طَيِّبًا وَّاشْكُرُوْا
نِعْمَتَ اللّٰهِ اِنْ كُنْتُمْ اِيَّاهُ تَعْبُدُوْنَ ۝

Fakuluu mimmaa razaqakumul laahu halaalan thayyibaw wasykuruu ni'matal laahi in kuntum iyyaahu ta'buduun.

115. Satemene kang wus diharamake tumrap sira kabeh iku mung bathang, getih, daging babi, lan kewan kang disembelih nganggo nyebut disajekake saliyane Allah. Ewa dene kang kapeksa kudu mangan barang kang kasebut mau, sauger ora anjarag lan ora ngliwati wates (anggone mangan), satemene Allah iku Maha Ngapura tur Maha Asih.

١١٥- إِنَّمَا حَرَّمَ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةَ وَالدَّمَ وَلَحْمَ الْخِنزِيرِ وَمَا أُهِلَّ لِغَيْرِ اللَّهِ بِهِ ۖ فَمَنِ اضْطُرَّ غَيْرَ بَاغٍ وَلَا عَادٍ فَإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Innamaa harrama 'alaikumul maitata waddama walahmal khinziiri wamaa uhilla lighairillaahi bih, famanidh thurra ghaira baagiw walaa 'aadin fa-innallaaha ghafuurur rahiim.

116. Lan sira kabeh aja ngandhakake goroh barang kang disebut dening lesan-lesanira, yaiku: "Iki halal, lan yen iki haram!", karepe gegorohan mau diakokake saka ngarsane Allah. Satemene wong-wong kang gawe gegorohan marang Allah iku ora bakal padha begja.

١١٦- وَلَا تَقُولُوا لِمَا تَصِفُ أَلْسِنَتُكُمُ الْكَذِبَ هَٰذَا حَلَالٌ وَهَٰذَا حَرَامٌ لِّتَفْتَرُوا عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ ۚ إِنَّ الَّذِينَ يَفْتَرُونَ عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ لَا يُفْلِحُونَ ۝

Walaa taquuluu limaa tashifu alsinatukumul kadziba haadzaa halaaluw wa haadzaa haraamul litaftaruu 'alallaahil kadzib, innalladziina yaftaruuna 'alal laahil kadziba laa yuflihuun.

117. Bandha kasenengan Donya iku mung sathithik, lan besuk ana ing Akherat wong-wong mau bakal kapatrapan siksa kang nglarani.

١١٧- مَتَاعٌ قَلِيلٌ ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Mataa'un qaliil, walahum 'adzaabun aliim.

118. Lan Ingsun wus ngaramake tumrap wong-wong Yahudi, perkara kang wus Ingsun caritakake marang sira Muhammad, wiwit biyen sadurunge; lan Ingsun ora nganiaya ing wong-wong mau, ananging malah dheweke sing padha nganiaya marang awake dhewe. 573)

١١٨- وَعَلَى الَّذِينَ هَادُوا حَرَّمْنَا مَا قَصَصْنَا عَلَيْكَ مِن قَبْلُ ۖ وَمَا ظَلَمْنَاهُمْ وَلَٰكِن كَانُوا أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ۝

Wa 'alal ladziina haaduu harramnaa maa qashashnaa 'alaika min qabl, wamaa zhalamnaahum walaakin kaanuu anfusahum yazhlimuun.

119. Banjur satemene Pangeranira iku jembar Rakhmate marang wong-wong kang nindakake laku ala kagawa saka kabodhohane, bareng sawuse mangkono wong-wong mau padha tobat sarta nglakoni kabecikan. Temenan sawuse tobat iku Pangeranira tuhu kang Maha Ngapura tur Maha Asih.

١١٩- ثُمَّ إِنَّ رَبَّكَ لِلَّذِينَ عَمِلُوا السُّوءَ بِجَهَالَةٍ ثُمَّ تَابُوا مِن بَعْدِ ذَٰلِكَ وَأَصْلَحُوا إِنَّ رَبَّكَ مِن بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

573). Mirsanana ayat 146 Surat Al-An'aam.

Tsumma inna, rabbaka lilladziina 'amilus suu-a bijahaalatin tsumma taabuu mim ba'di dzaalika wa ashlahuu inna rabbaka mim ba'dihaa laghafuurur rahiim.

Nabi Ibrahim a.s. iku tepa palupi kang becik.

120. Satemene Ibrahim iku Panutan kang bekti marang Allah, sarta condhong becik atine,574) lan dheweke iku dudu golongane wong-wong Musyrik.

١٢٠- إِنَّ إِبْرٰهِيمَ كَانَ أُمَّةً قَانِتًا لِّلّٰهِ حَنِيفًا ۖ وَلَمْ يَكُ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ۝

Inna ibraahiima kaana ummatan qaa-inatal lillaahi haniifaa, walam yaku minal musyrikiin.

121. Dheweke muji-syukur marang kani'matan paparinge Allah, Allah wus milih dheweke, sarta maringi pituduh marang dalaning Agama kang bener.

١٢١- شَاكِرًا لِّأَنْعُمِهِ ۚ اجْتَبٰهُ وَهَدٰهُ إِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ۝

Syaakiral li-an'umih, ijtabaahu wa hadaahu ilaa shiraathim mustaqiim.

122. Lan Ingsun wus maringi kabecikan ana ing Donya, lan ana ing Akherat dheweke (Ibrahim) iku kalebu ewone wong kang padha saleh.

١٢٢- وَآتَيْنٰهُ فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً ۖ وَإِنَّهُ فِي الْآخِرَةِ لَمِنَ الصّٰلِحِينَ ۝

Wa aatainaahu fid-dun-yaa hasanah, wa innahuu fil-aakhirati laminash shaalihiin.

123. Ingsun nuli paring Wahyu marang sira Muhammad, yaiku supaya sira andherek Agamane Ibrahim kang condhong marang Agama Islam, lan dheweke iku dudu golongane wong-wong Musyrik.

١٢٣- ثُمَّ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ أَنِ اتَّبِعْ مِلَّةَ إِبْرٰهِيمَ حَنِيفًا ۖ وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ۝

Tsumma auhainaa ilaika anit-tabi' millata ibraahiima haniifaa, wamaa kaana minal musyrikiin.

124. Mesthine wus dipasthekake supaya ngagungake dina Sabtu iku, mung tumrap wong-wong (Bani Israil) kang padha pasulayan ana ing perkara dina iku; lan satemene Allah Pangeranira iku mesthi ngukumi ing antarane wong-wong mau besuk dina Qiyamat, ana ing perkara kang padha dipasulayakake.

١٢٤- إِنَّمَا جُعِلَ السَّبْتُ عَلَى الَّذِينَ اخْتَلَفُوا فِيهِ ۚ وَإِنَّ رَبَّكَ لَيَحْكُمُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فِيمَا كَانُوا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۝

574). **Condhong atine (hanif) maksudipun:** ingkang tansah cepengan sarana kekah ing kaleresan sarta boten nate nilaraken kuwajiban Agami.

Innamaa ju'ilas sabtu 'alalladziinakh talafuu fiih, wa inna rabbaka layahkumu bainahum yaumal qiyaamati fiimaa kaanuu fiihi yakhtalifuun.

125. Sira angajaka marang Agamane Pangeranira (da'wah Islamiyah) kalawan kawicaksanan, lan pitutur kang becik, lan sira mangsulana wong-wong kang ambantah ing sira nganggo alasan kang becik. Satemene Pangeranira iku luwih Ngawuningani marang wong-wong kang oleh pituduh.

١٢٥- اُدْعُ إِلَىٰ سَبِيلِ رَبِّكَ بِالْحِكْمَةِ وَالْمَوْعِظَةِ الْحَسَنَةِ وَجَادِلْهُمْ بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ ۚ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِمَنْ ضَلَّ عَنْ سَبِيلِهِ وَهُوَ أَعْلَمُ بِالْمُهْتَدِينَ ۝

Ud'u ilaa sabiili rabbika bilhikmati wal mau'izhatil hasanati wa jaadilhum billatii hiya ahsan, inna rabbaka huwa a'lamu biman dhalla 'an sabiilihii wahuwa a'lamu bil muhtadiin.

126. Manawa sira kabeh arep males panganiaya marang wong-wong mau, sira padha malesa samurwate kaya dene kang wus ditindakake dening dheweke, dene manawa sira padha sabar, iku luwih becik tumrap wong-wong kang padha sabar.

١٢٦- وَإِنْ عَاقَبْتُمْ فَعَاقِبُوا بِمِثْلِ مَا عُوقِبْتُمْ بِهِ ۖ وَلَئِنْ صَبَرْتُمْ لَهُوَ خَيْرٌ لِلصَّابِرِينَ ۝

Wa-in 'aaqabtum fa'aaqibuu bimitsli maa 'uuqibtum bih, wala-in shabartum lahuwa khairul lishshaabiriin.

127. Lan sira disabar, nanging kasabaranira iku ora bisa klakon, kajaba kalawan pitulung Sihing Allah, lan poma dipoma sira aja susah ana ing perkarane wong-wong mau, sarta sira aja rupeg miris marang pangreka-dayane wong-wong mau.

١٢٧- وَاصْبِرْ وَمَا صَبْرُكَ إِلَّا بِاللَّهِ وَلَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ وَلَا تَكُ فِي ضَيْقٍ مِمَّا يَمْكُرُونَ ۝

Washbir wamaa shabruka illaa billaahi walaa tahzan 'alaihim walaa taku fii dhaiqim mimmaa yamkuruun.

128. Satemene Allah iku tansah anartani wong-wong kang padha taqwa marang PanjenengaNe, lan wong-wong kang padha tumindak becik.

***).

١٢٨- إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَّالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ ۝ ١٦ ع ٢٢

Innallaaha ma'alladziinat taquw walladziina hum muhsinuun.

***). **Comperative study of Quraan, utawi pasinaon tandhingan antawisipun Surat An Nahl kalayan Surat Al Isra', ing antawisipun makaten:**

1. **Wonten ing Surat An Nahl punika Allah nyebataken anggenipun tetiyang Yahudi sami padudon bab dinten Sabtu (Sabat), dene wonten ing Surat Al Isra' ingkang dipun terangaken bab syari'at tata tumindakipun sadaya tatanan Agami ing Kitab Taurat.**
2. **Allah SWT angersakaken supados Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. tetep sabar ngadhepi pangreka-dayanipun tetiyang Musyrikin, makaten wonten Surat An Nahl, ananging wonten Surat Al Isra' Gusti Allah anerangaken kamulyanipun Rasulullah s.a.w. sarta luhuring drajatipun wonten ngarsaning Allah SWT.**

3. Maben saking tala, ingkang kasebat ing Surat An Nahl punika manfa'atipun saged dados obat ing sarira (jampi raga ingkang saweg nandhang raga = sakit), dene wonten ing Surat Al Isra' kasebataken bilih Al Quraan punika dados obat ing kajiwan (way of life) tumraping para manungsa ingkang iman, sarta dados pitedah ing 'alam Jagad Raya.
4. Sawenehing manungsa boten purun nyukuri malah nyelaki dhateng kani'mataning Allah ingkang tanpa petangan (boten saged dipun etang), tur sami anjarag tumindak murang syara' boten ngangge tatanan Agami, ingkang dipun uja namung ubaling hawa-nafsu, makaten ing Surat An Nahl, wonten ing Surat Al Isra' dipun ceplosaken bilih ingkang tumindak makaten punika titiyang Bani Israil, malah katambahan katerangan malih, bilih Bani Israil punika ingkang kerep sanget damel karisakan ing Bumi.

AL ISRA' (NGLAKOKAKE ING WAYAH BENGI) *)

Surat kaping 17 : 111 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 26, 57, lan saka 73 nganti entek-entekane ayat 80 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Al Qashash.

JUZ 15

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Isra' saka Mekkah menyang Baitul Maqdis minangka pakurmatan Nabi Muhammad s.a.w.

١ - سُبْحٰنَ الَّذِيْٓ اَسْرٰى بِعَبْدِهٖ لَيْلًا مِّنَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ اِلَى الْمَسْجِدِ الْاَقْصَا الَّذِيْ بٰرَكْنَا حَوْلَهٗ لِنُرِيَهٗ مِنْ اٰيٰتِنَا ۭ اِنَّهٗ هُوَ السَّمِيْعُ الْبَصِيْرُ ٥

1. Maha Suci Allah kang wus nglakokake kawulaNe Muhammad, ing sawengi nutug, saka Masjidil Haram menyang Masjidil Aqsha (Baitul Muqaddas) kang ing sakiwa tengene Ingsun paringi Berkah,**) Ingsun anggo nuduhake marang dheweke sawenehe tandha yektinIngsun, sanyata PanjenengaNe Allah iku kang Maha Miyarsa sarta Maha Priksa.

Subhaanal ladzii asraa bi'abdihii lailam minal masjidil haraami ilal masjidil aqshal ladzii baaraknaa haulahuu linuriyahuu min aayaatinaa, innahuu huwas samii'ul bashiir.

٢ - وَاٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ وَجَعَلْنٰهُ هُدًى لِّبَنِيْٓ اِسْرَاۗءِيْلَ اَلَّا تَتَّخِذُوْا مِنْ دُوْنِيْ وَكِيْلًا ٥

2. Lan Ingsun wus paring Kitab marang Musa, Kitab iku Ingsun dadekake pituduh tumrap wong Bani Israil, lan Ingsun ngandika: "Sira aja padha nganggep ana Pangeran saliyanIngsun kang pinasrahan".

Wa aatainaa muusal kitaaba wa ja'alnaahu hudal libanii israa-iila allaa tattakhidzuu min duunii wakiilaa.

---

*). **Ugi dipun wastani surat Bani Israil.**

). **Masjidil Agsha tuwin wilayah-wilayah sakiwa tengenipun pikantuk Berkahing Allah maksudipun ing panggenan ngriku punika kathah para Andika Nabi dipun turunaken lan ing telatah kasebat panci tanah pasiten ingkang subur ingkang sarwa tinandur sarta pinanggih pinten-pinten bahan energi.

٣ - ذُرِّيَّةَ مَنْ حَمَلْنَا مَعَ نُوحٍ ۚ إِنَّهُ كَانَ عَبْدًا شَكُورًا ۝

Dzurriyyata man hamalnaa ma'a nuuh, innahuu kaana 'abdan syakuuraa.

3. Tedhak turune wong-wong kang Ingsun motake ing prahu kalawan Nabi Nuh, satemene Nuh iku kawula kang akeh banget syukure.

Rusake Bani Israil sabab ndaga dhawuh piwulange Kitab Taurat.

٤ - وَقَضَيْنَآ إِلَىٰ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ فِى ٱلْكِتَٰبِ لَتُفْسِدُنَّ فِى ٱلْأَرْضِ مَرَّتَيْنِ وَلَتَعْلُنَّ عُلُوًّا كَبِيرًا ۝

Wa qadhainaa ilaa banii israa-iila fil kitaabi latufsidunna fil ardhi marrataini walata'lunna 'uluwwan kabiiraa.

4. Lan Ingsun wus anerangake ana ing Kitab Taurat marang Bani Israil, yen sira kabeh mesthi gawe karusakan ana ing Bumi kaping pindho, 575) lan yekti sira bakal gumedhe banget lan kumaluhur temenan.

٥ - فَإِذَا جَآءَ وَعْدُ أُولَىٰهُمَا بَعَثْنَا عَلَيْكُمْ عِبَادًا لَّنَآ أُو۟لِى بَأْسٍ شَدِيدٍ فَجَاسُوا۟ خِلَٰلَ ٱلدِّيَارِ ۚ وَكَانَ وَعْدًا مَّفْعُولًا ۝

Fa-idzaa jaa-a wa'du uulaahumaa ba'atsnaa 'alaikum 'ibaadal lanaa ulii ba'sin syadiidin fajaasuu khilaalad diyaar, wa kaana wa'dam maf'uulaa.

5. Bareng janji siksa kang kapisan saka piala loro iku wus kalakon, Ingsun utus para kawulanIngsun kang anduweni kakuwatan kang gedhe, supaya wong-wong mau anggoleki sira kabeh, banjur merangi lan mateni sira kabeh ana ing tengah-tengahing omah (kampung), lan janji matrapake siksa iku mesthi kalakon.

٦ - ثُمَّ رَدَدْنَا لَكُمُ ٱلْكَرَّةَ عَلَيْهِمْ وَأَمْدَدْنَٰكُم بِأَمْوَٰلٍ وَبَنِينَ وَجَعَلْنَٰكُمْ أَكْثَرَ نَفِيرًا ۝

Tsumma radadnaa lakumul karrata 'alaihim wa amdadnaakum bi-amwaaliw wa baniina wa ja'alnaakum aktsara nafiiraa.

6. Ingsun banjur ambalekake kamenangan marang sira kabeh Bani Israil, yaiku bisa ngalahake Bukhtunsur sawadya balane, lan Ingsun wus maringi sira kabeh bandha lan anak kang akeh, lan Ingsun dadekake sira kabeh golongan kang akeh wilangane.

٧ - إِنْ أَحْسَنتُمْ أَحْسَنتُمْ لِأَنفُسِكُمْ ۖ وَإِنْ أَسَأْتُمْ فَلَهَا ۚ فَإِذَا جَآءَ وَعْدُ ٱلْءَاخِرَةِ لِيَسُۥٓـُٔوا۟ وُجُوهَكُمْ وَلِيَدْخُلُوا۟ ٱلْمَسْجِدَ كَمَا دَخَلُوهُ أَوَّلَ مَرَّةٍ وَلِيُتَبِّرُوا۟ مَا عَلَوْا۟ تَتْبِيرًا ۝

7. Manawa sira padha nglakoni kabecikan, iku salugu kanggo kabecikan awakira dhewe, dene manawa sira padha nglakoni panggawe ala, hiya tanggung jawab awakira. Lan manawa wus teka janjining siksa, kang kaping pindho, nuli Ingsun angutus mungsuh-mungsuhira Raja Parsi lan Rumawi, supaya ngasorake ing sira kabeh Bani Israil,

575). Bani Israil damel karisakan ing masyarakat kalih prakawis: sapisan ambalela mbadal Kitab Taurat, marjaya Nabi Syu'ya a.s. lan ngunjara Armia, kaping kalih marjaya Nabi Zakaria a.s. lan Nabi Yahya a.s. sarta gadhah maksud badhe marjaya Nabi 'Isa a.s. Katerangaken salajengipun kitha Yerusalem anemahi karisakan, makaten para ahli Tafsir anerangaken, kados ingkang kadhawuhaken ayat no 4 — no 7.

lan supaya wong-wong mau mlebu Mesjid Baitul Muqaddas lan wewengkone, kaya anggone padha mlebu lan ngobrak-abrik dhek biyen. Mangkono uga supaya mungsuhira ora leren-leren ngrusak sira kabeh sajrone dheweke isih padha nyekel panguwasa.

In ahsantum ahsantum li-anfusikum, wa in asa'tum falahaa fa-idzaa jaa-a wa'dul aakhirati liyasuu-u wujuuhakum waliyadkhulul masjida kamaa dakhaluuhu awwala marratiw waliyutabbiruu maa 'a' ı tatbiiraa.

8. Muga-muga Pangeranira paring Rakhmat marang sira kabeh, sawuse siksa kang kaping pindho, dene manawa sira bali kafir maneh, Ingsun mesthi uga bakal bali nyiksa maneh ing sira, lan Ingsun ndadekake Naraka Jahanam iku kanggo pakunjarane wong-wong kafir.

٨ - عَسٰى رَبُّكُمْ اَنْ يَّرْحَمَكُمْ ۚ وَاِنْ عُدْتُّمْ عُدْنَا ۘ وَجَعَلْنَا جَهَنَّمَ لِلْكٰفِرِيْنَ حَصِيْرًا ۝

'Asaa rabbukum ay yarhamakum, wa-in 'ud-tum 'udnaa wa ja'alnaa jahannama lilkaafiriina hashiiraa.

Kitab Quraan nuduhake dalan kang luwih bener.

9. Satemene Quraan iki anuduhake marang dalan kang luwih bener, lan dadi pawarta-bungah tumrap wong-wong kang padha Mu'min, yaiku wong-wong kang padha anindakake kabecikan, yen dheweke iku bakal kaparingan ganjaran kang agung.

٩ - اِنَّ هٰذَا الْقُرْاٰنَ يَهْدِيْ لِلَّتِيْ هِيَ اَقْوَمُ وَيُبَشِّرُ الْمُؤْمِنِيْنَ الَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ الصّٰلِحٰتِ اَنَّ لَهُمْ اَجْرًا كَبِيْرًا ۙ ۝

Inna haadzal qur-aana yahdii lillatii hiya aqwamu wa yubasysyirul mu'miniinal ladziina ya'maluunash shaalihaati anna lahum ajran kabiiraa.

10. Lan satemene wong-wong kang ora iman ing dina Akherat iku, Ingsun cawisi kanggo wong-wong mau siksa kang nglarani.

١٠ - وَّاَنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ اَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابًا اَلِيْمًا ۝

Wa annal ladziina laa yu'minuuna bil aakhirati a'tadnaa lahum 'adzaaban aliimaa.

11. Lan sawenehe manungsa kang kafir, banget anggone angluwihi wates, andadak dora nyuwun dituruni piala kaya anggone dora nyuwun kabecikan. Kang mangkono mau jalaran kahanane manungsa iku pancen dhemene padha kesusu.

١١ - وَيَدْعُ الْاِنْسَانُ بِالشَّرِّ دُعَآءَهٗ بِالْخَيْرِ ۭ وَكَانَ الْاِنْسَانُ عَجُوْلًا ۝

Wa yad'ul insaanu bisysyarri du'aa-ahuu bil-khaiir, wa kaanal insaanu 'ajuulaa.

12. Lan Ingsun ndadekake rina lan wengi iku dadi ayat karone kang nuduhake Kuwasaning Sun. Ingsun nuli mbusek ayating tandha wengi (Rembulan), lan Ingsun ndadekake ayating tandha awan (Srengenge) iku padhang, supaya sira kabeh padha golek kanugrahan saka ngarsane Pangeranira, lan supaya sira kabeh padha mangerti wilangane Tahun lan 'ilmu etung (Hisab). Lan kabeh perkara Agama, sarta panguripan Donyanira yekti wus Ingsun pratelakake princi-princi kalawan terang gamblang.

١٢ - وَجَعَلْنَا الَّيْلَ وَالنَّهَارَ اٰيَتَيْنِ فَمَحَوْنَآ اٰيَةَ الَّيْلِ وَجَعَلْنَآ اٰيَةَ النَّهَارِ مُبْصِرَةً لِّتَبْتَغُوْا فَضْلًا مِّنْ رَّبِّكُمْ وَلِتَعْلَمُوْا عَدَدَ السِّنِيْنَ وَالْحِسَابَ ۚ وَكُلَّ شَيْءٍ فَصَّلْنٰهُ تَفْصِيْلًا ۝

Wa ja'alnal laila wannahaara aayataini famahaunaa aayatal laili wa ja'alnaa aayatan nahaari mubshiratal litabtaghuu fadhlam mir rabbikum wa lita'lamuu 'adadas siniina wal-hisaab, wa kulla syai-in fashshalnaahu tafshiilaa.

Saben manungsa iku mikul tanggung jawab dosane dhewe.

13. Lan saben manungsa iku wus Ingsun gantungake marang kabeh amale dhewe-dhewe ana ing gulune, sarta Kitab cathetan amale bakal Ingsun wetokake ana ing dina Qiyamat, bakal ditampani wus bukakan!

١٣ - وَكُلَّ اِنْسَانٍ اَلْزَمْنٰهُ طٰٓئِرَهٗ فِيْ عُنُقِهٖ ۭ وَنُخْرِجُ لَهٗ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ كِتٰبًا يَّلْقٰىهُ مَنْشُوْرًا ۝

Wa kulla insaanin alzamnaahu thaa-irahuu fii 'unuqih, wa nukhriju lahuu yaumal qiyaamati kitaabay yalqaahu mansyuuraa.

14. Didhawuhake marang dheweke: "Mara wacanen Kitabira iki! Tumrap pepriksaning awakira, kang ngisab (anyekseni) ing Dina iki, cukup sarana awakira dhewe!"

١٤ - اِقْرَاْ كِتٰبَكَ ۭ كَفٰى بِنَفْسِكَ الْيَوْمَ عَلَيْكَ حَسِيْبًا ۝

Iqra'kitaabaka kafaa binafsikal yauma 'alaika hasiibaa.

15. Sing sapa oleh pituduh, satemene mung nuduhake tumrap awake dhewe, dene sing sapa kesasar, satemene hiya mung nyasarake tumrap awake dhewe. Lan ora ana wong dosa nyangga dosaning liyan, lan Ingsun ora bakal nyiksa, yen Ingsun durung angutus Rasul marang dheweke.

١٥ - مَنِ اهْتَدٰى فَاِنَّمَا يَهْتَدِيْ لِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ ضَلَّ فَاِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۭ وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِّزْرَ اُخْرٰى ۭ وَمَا كُنَّا مُعَذِّبِيْنَ حَتّٰى نَبْعَثَ رَسُوْلًا ۝

Manihtadaa fa-innamaa yahtadii linafsih, waman dhalla fa-innamaa yadhillu 'alaihaa, walaa taziru waaziratuw wizra ukhraa, wamaa kunnaa mu'adzdzibiina hattaa nab'atsa rasuulaa.

16. Lan manawa Ingsun karsa arep angrusak sawijining Negara, Ingsun ndahawuhake marang wong-wong gedhe, tur sugih-sugih, supaya padha ndherek ing Allah, nanging malah tumindak duraka tur salawase padha

١٦ - وَاِذَآ اَرَدْنَآ اَنْ نُّهْلِكَ قَرْيَةً اَمَرْنَا مُتْرَفِيْهَا فَفَسَقُوْا فِيْهَا فَحَقَّ عَلَيْهَا الْقَوْلُ فَدَمَّرْنٰهَا تَدْمِيْرًا ۝

suka-suka nuruti hardaning hawa-nafsune, mula patut tibaning putusan, janjining Sun marang Negara iku, wasana Sun rusak, babar pisan!

Wa-idzaa aradnaa an-nuhlika qaryatan amarnaa mutrafiihaa fafasaquu fiihaa fahaqqa 'alaihal qaulu fadammarnaahaa tadmiiraa.

17. Lan wus pira kehe, akehe ummat kang wus Ingsun rusak, sawuse Nuh. Satemene wus cukup Pangeranira kang Maha Waspada, sarta Maha Nguningani ing dosa-dosane para kawulane.

١٧ - وَكَمْ اَهْلَكْنَا مِنَ الْقُرُوْنِ مِنْۢ بَعْدِ نُوْحٍ ۗ وَكَفٰى بِرَبِّكَ بِذُنُوْبِ عِبَادِهٖ خَبِيْرًاۢ بَصِيْرًا ۝

Wakam ahlaknaa minal quruuni mim ba'di nuuh, wakafaa birabbika bidzunuubi 'ibaadihii khabiiram bashiiraa.

18. Sing sapa kakarepane mung marang kadonyan, yekti Ingsun enggal maringi miturut karsanIngsun marang wong-wong kang dadi kapareng karsanIngsun. Ingsun banjur nyawisake Naraka Jahanam tumrap dheweke, lan dheweke bakal mlebu ing kono, kalawan diasorake lan didohake saka Rakhmate Allah.

١٨ - مَنْ كَانَ يُرِيْدُ الْعَاجِلَةَ عَجَّلْنَا لَهٗ فِيْهَا مَا نَشَآءُ لِمَنْ نُّرِيْدُ ثُمَّ جَعَلْنَا لَهٗ جَهَنَّمَ ۚ يَصْلٰىهَا مَذْمُوْمًا مَّدْحُوْرًا ۝

Man kaana yuriidul 'aajilata 'ajjalnaa lahuu fiihaa maa nasyaa-u liman nuriidu tsumma ja'alnaa lahuu jahannam, yashlaahaa madzmuumam madhuuraa.

19. Lan sapa wonge sing duwe karep nggayuh marang kauripan Akherat, lan dheweke iku nglakoni temenan pagawean kang tumuju mrono tur iman, mangka dheweke iku klebu wong kang lakune (tumindake) kabul ditrima (diganjar) dening ALLAH.

١٩ - وَمَنْ اَرَادَ الْاٰخِرَةَ وَسَعٰى لَهَا سَعْيَهَا وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَاُولٰٓئِكَ كَانَ سَعْيُهُمْ مَّشْكُوْرًا ۝

Waman araadal aakhirata wasa'aa lahaa sa'yahaa wahuwa mu'minun fa-ulaa-ika kaana sa'yuhum masykuuraa.

20. Kabeh golongan loro mau padha bahe, Ingsun paringi bantuan kamurahan rezeki saka paparinging Pangeranira lan kamurahaning Allah iku ora bisa dialang-alangi.

٢٠ - كُلًّا نُّمِدُّ هٰٓؤُلَآءِ وَهٰٓؤُلَآءِ مِنْ عَطَآءِ رَبِّكَ ۗ وَمَا كَانَ عَطَآءُ رَبِّكَ مَحْظُوْرًا ۝

Kullan numiddu haa-ulaa-i wa haa-ulaa-i min 'athaa-i rabbik, wamaa kaana 'athaa-u rabbika mahzhuuraa.

21. Muhammad, sira andelenga, kapriye anggonIngsun wus ngluwihake rezeki sawenehe wong-wong mau ngungkuli sawenehe, lan satemene Akherat iku luwih gedhe darajate, lan luwih gedhe kautamane tinimbang Donya!

٢١ - اُنْظُرْ كَيْفَ فَضَّلْنَا بَعْضَهُمْ عَلٰى بَعْضٍ ۗ وَلَلْاٰخِرَةُ اَكْبَرُ دَرَجٰتٍ وَّاَكْبَرُ تَفْضِيْلًا ۝

Unzhur kaifa fadhdhalnaa ba'dhahum 'alaa ba'dhin walal aakhiratu akbaru darajaatiw wa akbaru tafdhiilaa.

22. Manungsa, sira aja andadekake Pangeran liya nartani ing Allah, sabab sira mundhak dadi wong kang cinacad tur ditinggal dening Allah!

٢٢ - لَا تَجْعَلْ مَعَ اللّٰهِ إِلٰهًا آخَرَ فَتَقْعُدَ مَذْمُومًا مَّخْذُولًا ۝

Laa taj'al ma'allaahi ilaahan aakhara fataq'uda madzmuumam makhdzuulaa.

Tata-krama ing patembayatan lan paguyuban ing masyarakat.

23. Lan Pangeranira uga wus dhawuh yen sira aja pisan-pisan nyembah, kajaba mung marang PanjenengaNe piyambak, sarta paring dhawuh supaya tumindak becik marang wong tuwanira loro, manawa salah sijine, utawa sakarone mau dadi kukubanmu, mangka wus tuwa, poma dipoma sira aja pisan-pisan ngunekake: "Hus!", lan aja sereng (nyentak) marang sakarone, nanging ngucapa marang sakarone, kanthi tembung kang becik-becik nglegakake! 576)

٢٣ - وَقَضٰى رَبُّكَ أَلَّا تَعْبُدُوٓا إِلَّآ إِيَّاهُ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا ۚ إِمَّا يَبْلُغَنَّ عِنْدَكَ الْكِبَرَ أَحَدُهُمَآ أَوْ كِلٰهُمَا فَلَا تَقُلْ لَّهُمَآ أُفٍّ وَّلَا تَنْهَرْهُمَا وَقُلْ لَّهُمَا قَوْلًا كَرِيمًا ۝

Wa qadhaa rabbuka allaa ta'buduu illaa iyyaahu wabil waalidaini ihsaana, immaa yablughanna 'indakal kibara ahaduhumaa au kilaahumaa falaa taqul lahumaa uffin walaa tanhar humaa waqul lahumaa qaulan kariimaa.

24. "Lan sira kudu andhap asor, sarta tata-krama nuduhake sih katresnan marang dheweke sakarone. Lan sira ndongakna mangkene: "Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka paring sih kawelasan rakhmat dhumateng tiyang sepuh kawula kekalih, kados dene anggenipun sampun sami anggulawenthah dhateng kawula nalika taksih alit!"

٢٤ - وَاخْفِضْ لَهُمَا جَنَاحَ الذُّلِّ مِنَ الرَّحْمَةِ وَقُلْ رَّبِّ ارْحَمْهُمَا كَمَا رَبَّيٰنِي صَغِيرًا ۝

Wakhfidh lahumaa janaahadz dzulli minar rahmati waqur rabbir-hamhumaa kamaa rabbayaanii shaghiiraa.

25. Pangeranira luwih Nguningani kabeh kang ana ing atinira. Manawa sira iku padha tumindak becik, satemene PanjenengaNe iku Maha Ngapura marang wong-wong kang gelem padha tobat.

٢٥ - رَبُّكُمْ أَعْلَمُ بِمَا فِي نُفُوسِكُمْ ۖ إِن تَكُونُوا صٰلِحِينَ فَإِنَّهُ كَانَ لِلْأَوَّابِينَ غَفُورًا ۝

Rabbukum a'lamu bimaa fii nufuusikum, in takuunuu shaalihiina fa-innahuu kaana lil awwabiina ghafuuraa.

576). Cetha sanget bilih strategi-dhasar panggulawenthah ing Agami Islam punika: sepisan tauhid ing Allah (pitados wontenipun Gusti Allah, ajrih sarta dhedhepe ing Panjenenganipun, boten musyrik sakedhik-kedhika); kaping kalih tresna, sungkem sarta andhap-asor dhumateng Rama-Ibu, ngucap "Hus" ingkang katingal sepele nanging nyerikaken manah kemawon boten pareng menggahing syari'at Islam, punapa malih tumindak sanes-sanesipun. Dene manawi Rama-Ibu sampun seda, supados sering dipun kintun do'a: **Robbirham humaa kamaa robbayaani shoghiiran"**, ing saben-saben bakda shalat fardhu. Strategi dhasar panggulawenthah ingkang kaping tiga: damel kasaenan ing Masyarakat, makaten ayat 23 - 24.

26. Lan sira menehna haqe marang sanak kulawarga, wong miskin, lan wong kang pinuju lelungan kentekan sangu, lan poma sira aja ngebreh amborosake bandhanira kanggo ma'siyat.

٢٦- وَ اٰتِ ذَا الْقُرْبٰى حَقَّهٗ وَالْمِسْكِيْنَ وَابْنَ السَّبِيْلِ وَلَا تُبَذِّرْ تَبْذِيْرًا ۝

Wa aati dzal-qurbaa haqqahuu wal-miskiina wabnas sabiili walaa tubadzdzir tabdziiraa.

27. Jalaran satemene wong kang ngebreh iku dadi sadulure syetan, ing mangka nyatane syetan iku kafir marang PangeraNe.

٢٧- اِنَّ الْمُبَذِّرِيْنَ كَانُوْٓا اِخْوَانَ الشَّيٰطِيْنِ ۭ وَكَانَ الشَّيْطٰنُ لِرَبِّهٖ كَفُوْرًا ۝

Innal mubadzdziriina kaanuu ikhwaanasy syayaathiin, wa kaanasy syaithaanu lirabbihii kafuuraa.

28. Lan manawa sira Muhammad nulak wong kang kudu diwenehi mau jalaran perlu arep golek dhisik Kanugrahan kang sira arep-arep saka Pangeranira, becike sira ngucapa marang wong-wong iku kalawan tembung kang becik.

٢٨- وَاِمَّا تُعْرِضَنَّ عَنْهُمُ ابْتِغَاۗءَ رَحْمَةٍ مِّنْ رَّبِّكَ تَرْجُوْهَا فَقُلْ لَّهُمْ قَوْلًا مَّيْسُوْرًا ۝

Wa immaa tu'ridhanna 'anhumub-tighaa-a rahmatim mir-rabbika tarjuuhaa faqul lahum qaulam maisuuraa.

29. Lan sira aja medhit, aja andadekake tanganira kablenggokake ana ing gulunira ya-iku kumet, nanging ya aja loma banget, aja ngegarake tangan megar banget-banget (weweh glogok sok), jalaran ing mengko sira mundhak dadi asor lan nandhang papa!

٢٩- وَلَا تَجْعَلْ يَدَكَ مَغْلُوْلَةً اِلٰى عُنُقِكَ وَلَا تَبْسُطْهَا كُلَّ الْبَسْطِ فَتَقْعُدَ مَلُوْمًا مَّحْسُوْرًا ۝

Walaa taj'al yadaka maghluulatan ilaa 'unuqika walaa tabsuth-haa kullal basthi fataq'uda maluumam mahsuuraa.

30. Satemene Pangeranira iku kang anjembarake lan angrupegake rezeki marang wong kang dadi kaparenging karsaNe. Satemene PanjenengaNe iku kang Waspada, lan kang Nguningani marang para kawulaNe.

٣٠- اِنَّ رَبَّكَ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَّشَاۗءُ وَيَقْدِرُ ۭ اِنَّهٗ كَانَ بِعِبَادِهٖ خَبِيْرًۢا بَصِيْرًا ۝

Inna rabbaka yabsuthur rizqa limay yasyaa-u wayaqdir, innahuu kaana bi-'ibaadihii khabiiram bashiiraa.

31. Lan poma sira kabeh aja mateni anak-anakira jalaran kuwatir melarat. Awit Ingsun pribadi kang paring rezeki marang dheweke, lan paring rezeki marang sira kabeh. Sanyata mateni anak iku dosa kang gedhe.

٣١- وَلَا تَقْتُلُوْٓا اَوْلَادَكُمْ خَشْيَةَ اِمْلَاقٍ ۭ نَحْنُ نَرْزُقُهُمْ وَاِيَّاكُمْ ۭ اِنَّ قَتْلَهُمْ كَانَ خِطْاً كَبِيْرًا ۝

Walaa taqtuluu aulaadakum khasy-yata imlaaq, nahnu narzuquhum wa iyyaakum, inna qatlahum kaana khith-an kabiiraa.

32. Lan sira kabeh aja pisan-pisan nyedhaki laku zina, satemene laku zina iku jember, lan dalan kang sak ala-alane dalan.

٣٢- وَلَا تَقْرَبُوا الزِّنَىٰٓ إِنَّهُۥ كَانَ فَاحِشَةً ۖ وَسَآءَ سَبِيلًا ۝

Walaa taqrabuz zinaa innahuu kaana faahisyatan wa saa-a sabiilaa.

33. Lan sira kabeh aja padha mateni awak kang diharamake dening Allah. Yenta mateni, kajaba nganggo alasan kang bener. 577) Lan sing sapa dipateni wewenang 578) marang wong kang mateni, arep males pati, dhendha, utawa arep ngapura hiya kena; nanging Waline mau aja keladuk anggone males pati. Sanyatane wong kang mati dikaniaya iku ditulungi!

٣٣- وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ الَّتِى حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ ۗ وَمَن قُتِلَ مَظْلُومًا فَقَدْ جَعَلْنَا لِوَلِيِّهِۦ سُلْطَٰنًا فَلَا يُسْرِف فِّى الْقَتْلِ ۖ إِنَّهُۥ كَانَ مَنصُورًا ۝

Walaa taqtulun nafsal latii harramallaahu illaa bil-haqq, waman qutila mazhluuman faqad ja'alnaa liwaliyyihii sulthaanan falaa yusrif fil qatl, innahuu kaana manshuuraa.

34. Lan sira kabeh aja nyedhaki marang bandhane bocah yatim, kajaba kalawan cara kang luwih becik, nganti tumeka mangsane baligh. Lan sira kabeh padha anetepana janji, jalaran satemene janji iku bakal ditagih tanggung jawabe!

٣٤- وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِى هِىَ أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُۥ ۚ وَأَوْفُوا بِالْعَهْدِ ۖ إِنَّ الْعَهْدَ كَانَ مَسْـُٔولًا ۝

Walaa taqrabuu maalal yatiimi illaa billatii hiya ahsanu hattaa yablugha asyuddahuu wa aufuu bil'ahd, innal 'ahda kaana mas-uulaa.

35. Lan sira padha nyampurnakna takeran manawa sira naker, sarta nimbanga kalawan timbangan kang jejeg. Kang mangkono mau luwih becik lan becik-becike pungkasan (akibate).

٣٥- وَأَوْفُوا الْكَيْلَ إِذَا كِلْتُمْ وَزِنُوا بِالْقِسْطَاسِ الْمُسْتَقِيمِ ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا ۝

Wa auful kaila idzaa .kiltum wazinuu bil qisthaasil mustaqiim, dzaalika khairuw wa ahsanu ta'wiilaa.

36. Lan sira aja pisan-pisan manut apa bahe kang durung sira sumurupi ilmune, jalaran satemene pangrungu, paningal lan ati, iku kabeh bakal dipriksa tanggung jawab kahanane.

٣٦- وَلَا تَقْفُ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِۦ عِلْمٌ ۚ إِنَّ السَّمْعَ وَالْبَصَرَ وَالْفُؤَادَ كُلُّ أُولَٰٓئِكَ كَانَ عَنْهُ مَسْـُٔولًا ۝

Walaa taqfu maa laisa laka bihii 'ilm, innas sam'a wal bashara wal fu-aada kulluu ulaa-ika kaana 'anhu mas-uulaa.

---

577). Mirsanana ayat 151 Surat Al-An'aam, utawi bab **qishash**, utang pati nyaur pati, makaten kaadilan ing Islam. Sarta adeging kaadilan punika ingkang nglestantunaken kawilujenganipun bebrayaning Masyarakat.

578). Dados **ahli-waris**, utawi **Wali** ingkang angsal wewenang (panguwaos) punika badhe ngetrapaken hukum qishash (perdata raja pati) utawi dhame (sabab ahli waris paring pangapunten) lajeng Wali nampi diyat inggih punika gantos karugihan arto, cacahipun dipun musyawarahaken saesae! Mirsanana ayat 178 surat Al-Baqarah lan ayat 92 surat An-Nisa'.

37. Lan sira aja lumaku ana ing Bumi kalawan ambeg gumedhe, sanyata lumaku kalawan gumedhe iku ora bakal sira bisa ambles Bumi, lan ora bisa sira mapaki dhuwuring Gunung!

٣٧ - وَلَا تَمْشِ فِي الْأَرْضِ مَرَحًا ۖ إِنَّكَ لَنْ تَخْرِقَ الْأَرْضَ وَلَنْ تَبْلُغَ الْجِبَالَ طُولًا ۝

Walaa tamsyi fil ardhi marahaa, innaka lan takhriqal ardha walan tablughal jibaala thuulaa.

38. Kabeh iku barang ala kang dicegah mau, ora direnani banget ana ing ngarsaning Pangeranira!

٣٨ - كُلُّ ذٰلِكَ كَانَ سَيِّئُهُ عِنْدَ رَبِّكَ مَكْرُوهًا ۝

Kullu dzaalika kaana sayyi-uhuu 'inda rabbika makruuhaa.

39. Kabeh dhawuh lan larangan mau, 579) sabageyan kang wus diwahyokake dening Pangeranira marang sira, saka hukum kang mengku kawicaksanan. Lan sira aja andadekake Pangeran liya, nyartani marang Allah, sabab mundhak sira dicegurake ana ing Naraka Jahanam kanthi cacad lan diedohake saka Rakhmat.

٣٩ - ذٰلِكَ مِمَّا أَوْحَىٰ إِلَيْكَ رَبُّكَ مِنَ الْحِكْمَةِ ۗ وَلَا تَجْعَلْ مَعَ اللَّهِ إِلٰهًا آخَرَ فَتُلْقَىٰ فِي جَهَنَّمَ مَلُومًا مَدْحُورًا ۝

Dzaalika mimmaa auhaa ilaika rabbuka minal hikmah, walaa taj'al ma'allaahi ilaahan aakhara fatulqaa fii jahannama maluumam madhuuraa.

40. Apa Pangeranira wus milihake yen sira kabeh duwe anak lanang, nanging yen Allah mundhut Malaikat dadi putra-putriNe? Yen mangkono temen sira yekti padha ngucapake omongan kang gedhe dosane!

٤٠ - أَفَأَصْفَاكُمْ رَبُّكُمْ بِالْبَنِينَ وَاتَّخَذَ مِنَ الْمَلَائِكَةِ إِنَاثًا ۚ إِنَّكُمْ لَتَقُولُونَ قَوْلًا عَظِيمًا ۝

Afa-ashfaakum rabbukum bil baniina wattakhadza minal malaa-ikati inaatsaa, innakum lataquuluuna qaulan 'azhiimaa.

41. Lan satemene Ingsun wus anerangake ana ing Quraan iki, saperlu supaya wong-wong mau padha eling marang ancaman lan perjanjiyan-perjanjiyan; nanging ora muwuhi ing wong-wong mau marang kabecikan, destun malah tambah adoh saka pitutur kang bener.

٤١ - وَلَقَدْ صَرَّفْنَا فِي هٰذَا الْقُرْآنِ لِيَذَّكَّرُوا ۚ وَمَا يَزِيدُهُمْ إِلَّا نُفُورًا ۝

Walaqad sharrafnaa fii haadzal qur-aani liyadzdzakkaruu, wamaa yaziiduhum illaa nufuuraa.

42. Dhawuhasira Muhammad: "Saupama ana Pangeran liya kang nartani Allah, kaya pangucape wong-wong mau, yen mangkono yekti Pangeran-Pangeran mau padha golek dalan menyang Pangeran kang kagungan 'Arsy, yaiku Allah".

٤٢ - قُلْ لَوْ كَانَ مَعَهُ آلِهَةٌ كَمَا يَقُولُونَ إِذًا لَابْتَغَوْا إِلَىٰ ذِي الْعَرْشِ سَبِيلًا ۝

Qul laukaana ma'ahuu aalihatun kamaa yaquuluuna idzal labtaghuu ilaa dzil 'arsyi sabiilaa.

579). **Inggih awisan (pepacuh) ing ayat 22, 23, 26, 29, 31, 32, 33, 34, 36 lan 37 ing surat punika!**

43. Maha Suci PanjenengaNe Allah, sarta Maha Luhur saka apa bae kang diucapake dening wong-wong mau (kaum Musyrikin), Maha Luhur, Luhur kang temenan!

٤٣ - سُبْحٰنَهٗ وَ تَعٰلٰى عَمَّا يَقُوْلُوْنَ عُلُوًّا كَبِيْرًا ۝

Subhaanahuu wata'aalaa 'ammaa yaquuluuna 'uluwwan kabiiraa.

44. Pitung Langit lan Bumi, dalah saisine kabeh padha maha nyucekake marang PanjenengaNe Allah. Ora ana sawiji bae makhluke Allah ngemungna padha maha nucekake klawan pujiNe; mung bae sira kabeh ora mangerti cara anggone padha maha nyucekake. Sanyata PanjenengaNe iku Pangeran kang Aris tur kang Maha Ngapura!

٤٤ - تُسَبِّحُ لَهُ السَّمٰوٰتُ السَّبْعُ وَ الْاَرْضُ وَ مَنْ فِيْهِنَّ ؕ وَ اِنْ مِّنْ شَيْءٍ اِلَّا يُسَبِّحُ بِحَمْدِهٖ وَ لٰكِنْ لَّا تَفْقَهُوْنَ تَسْبِيْحَهُمْ ؕ اِنَّهٗ كَانَ حَلِيْمًا غَفُوْرًا ۝

Tusabbihu lahus samaawaatus sab'u wal ardhu waman fiihinna, wa-im min syai-in illaa yusabbihu bihamdihii walaakil-laa tafqahuuna tasbiihahum, innahuu kaana haliiman ghafuuraa.

Wong-wong kafir ora bisa mangerteni Quraan.

45. Lan manawa sira maca Quraan, Ingsun andadekake ing antaranira lan antarane wong-wong kang ora iman anane Akherat, aling-aling kang nutupi atine wong-wong mau ora bisa ngerteni, lan ngalap manfa'ate Quraan.

٤٥ - وَ اِذَا قَرَاْتَ الْقُرْاٰنَ جَعَلْنَا بَيْنَكَ وَ بَيْنَ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ حِجَابًا مَّسْتُوْرًا ۙ

Wa-dzaa qara'tal qur-aana ja'alnaa bainaka wa bainal ladziina laa yu'minuuna bil aakhirati hijaabam mastuuraa.

46. Lan Ingsun andadekake tutup ana ing atine wong-wong mau, supaya ora bisa mangerteni Quraan, samono uga ana ing kupinge Ingsun paringi sumpel supaya ora bisa krungu. Lan manawa sira nyebut asmane Pangeranira kang suwiji ana ing Quraan iki, dheweke banjur padha malengos ninggal glanggang nyolong playu (sabab gethinge).

٤٦ - وَّ جَعَلْنَا عَلٰى قُلُوْبِهِمْ اَكِنَّةً اَنْ يَّفْقَهُوْهُ وَ فِيْٓ اٰذَانِهِمْ وَقْرًا ؕ وَ اِذَا ذَكَرْتَ رَبَّكَ فِي الْقُرْاٰنِ وَحْدَهٗ وَلَّوْا عَلٰٓى اَدْبَارِهِمْ نُفُوْرًا ۝

Wa ja'alnaa 'alaa quluubihim akinnatan ay yafqahuuhu wafii aadzaanihim waqraa, wa-idzaa dzakarta rabbaka fil-qur-aani wahdahuu wallau 'alaa adbaarihim nufuuraa.

47. Ingsun luwih Nguningani ing kahanane wong kang ora iman, nalika ngrungokake Quraan kang sira waca, lan Ingsun luwih Nguningani nalika padha bisik-bisik ngrasani sira, yaiku nalika wong-wong kang nganiaya padha ngucap; "Ora ana liya kang sira turut iku, kajaba Muhammad wong kang kena sihir iku!"

٤٧ - نَحْنُ اَعْلَمُ بِمَا يَسْتَمِعُوْنَ بِهٖٓ اِذْ يَسْتَمِعُوْنَ اِلَيْكَ وَ اِذْ هُمْ نَجْوٰٓى اِذْ يَقُوْلُ الظّٰلِمُوْنَ اِنْ تَتَّبِعُوْنَ اِلَّا رَجُلًا مَّسْحُوْرًا ۝

Nahnu a'lamu bimaa yastami'uuna bihii idz yastami'uuna ilaika wa idzhum najwaa idz yaquuluzh zhaalimuuna in tattabi'uuna illaa rajulam mas-huuraa.

Kaingkarane kaum Musyrikin duwe cara dhewe.

48. Delengen Muhammad, kapriye wong iku anggone gawe sanepa tumrap sira, wong-wong mau banjur padha kasasar, ora bisa oleh dalan kang bener!

٤٨ - اُنْظُرْ كَيْفَ ضَرَبُوْا لَكَ الْاَمْثَالَ فَضَلُّوْا فَلَا يَسْتَطِيْعُوْنَ سَبِيْلًا ۝

Unzhur kaifa dharabuu lakal amtsaala fadhalluu falaa yastathii'uuna sabiilaa.

49. Lan wong-wong mau padha ngucap: "Apa hiya manawa aku kabeh iki wus padha dadi balung amor lemah, ajur-mumur campur lemah, mesthi bakal ditangekake urip maneh dadi makhluq anyar kabeh?"

٤٩ - وَقَالُوْٓا ءَاِذَا كُنَّا عِظَامًا وَّرُفَاتًا ءَاِنَّا لَمَبْعُوْثُوْنَ خَلْقًا جَدِيْدًا ۝

Wa qaaluu a-idzaa kunnaa 'izhaamaw warufaatan a-innaa lamab'uutsuuna khalqan jadiidaa.

50. Dhawuha Muhammad: "Sira patute padha dadiya watu utawa wesi bae!"

٥٠ - قُلْ كُوْنُوْا حِجَارَةً اَوْ حَدِيْدًا ۝

Qul kuunuu hijaaratan au hadiidaa.

51. "Utawa dadi makhluq kang ora bakal urip maneh miturut rasaning atimu, mesthi hiya bakal ditangekake uga sawuse mati". Wong-wong mau bakal padha ngucap: "Sapa kang bakal ambalekake aku urip maneh?" Dhawuha sira: "Hiya Pangeranku kang wus nitahake sira kang wiwitan biyen kae". Wong-wong mau bakal padha anggedheg-gedhegake sirahe marang sira, sarta ngucap maneh: "Besuk kapan kedadeyan iku?" Dhawuha sira: "Muga-muga bahe wus cedhak mangsane!"

٥١ - اَوْ خَلْقًا مِّمَّا يَكْبُرُ فِيْ صُدُوْرِكُمْ ۚ فَسَيَقُوْلُوْنَ مَنْ يُّعِيْدُنَا ۭ قُلِ الَّذِيْ فَطَرَكُمْ اَوَّلَ مَرَّةٍ ۚ فَسَيُنْغِضُوْنَ اِلَيْكَ رُءُوْسَهُمْ وَيَقُوْلُوْنَ مَتٰى هُوَ ۭ قُلْ عَسٰٓى اَنْ يَّكُوْنَ قَرِيْبًا ۝

Au khalqam mimmaa yakburu fii shuduurikum, fasayaquuluuna may yu'iidunaa, qulil ladzii fatharakum awwala marrah, fasayunghidhuuna ilaika ruusahum wa yaquuluuna mataa huwa, qul 'asaa ay yakuuna qariibaa.

52. Ana ing dinane sira kabeh padha ditimbali, mangka sira kabeh padha ndherek lan bebarengan saur manuk sarta memuji marang Allah, lan sira duwe pangira manawa urip ana ing Donya, lan ana ing alam kubur, iku tan kena ora mesthi mung sadhela!

٥٢ - يَوْمَ يَدْعُوْكُمْ فَتَسْتَجِيْبُوْنَ بِحَمْدِهٖ وَتَظُنُّوْنَ اِنْ لَّبِثْتُمْ اِلَّا قَلِيْلًا ۝

Yauma yad'uukum fatastajiibuuna bihamdihii wa tazhunnuuna il-labitstum illaa qaliilaa,

53. Dhawuha sira Muhammad, marang kawulanIngsun kang padha iman, supaya padha mangsuli marang wong-wong kafir, sarana basa kang luwih becik: "Satemene syetan iku kang nyebar wiji gegethingan ana ing antarane wong-wong kafir iku, manawa sira wong-wong Mu'min ngucap kasar. Satemene syetan iku pancen nyata dadi mungsuhing para manungsa!"

٥٣ . وَقُلْ لِّعِبَادِيْ يَقُوْلُوا الَّتِيْ هِيَ اَحْسَنُ اِنَّ الشَّيْطٰنَ يَنْزَغُ بَيْنَهُمْ اِنَّ الشَّيْطٰنَ كَانَ لِلْاِنْسَانِ عَدُوًّا مُّبِيْنًا ٥

Waqul li'ibaadii yaquulul latii hiya ahsan, innasy syaithaana yanzaghu bainahum, innasy syaithaana kaana lil-insaani 'aduwwam mubiinaa.

54. Pangeranira iku kang luwih Ngawuningani ing sira kabeh, manawa dadi kaparenging karsaNe, mesthi paring rakhmat marang sira kabeh, utawa manawa karsa PanjenengaNe nyiksa ing sira kabeh. Lan Ingsun ora ngutus marang sira dadi wakil kang ngurusi perkarane wong-wong mau.

٥٤ . رَبُّكُمْ اَعْلَمُ بِكُمْ اِنْ يَّشَاْ يَرْحَمْكُمْ اَوْ اِنْ يَّشَاْ يُعَذِّبْكُمْ وَمَآ اَرْسَلْنٰكَ عَلَيْهِمْ وَكِيْلًا ٥

Rabbukum a'lamu bikum, iy yasya' yarhamkum au iy yasya' yu'adzdzibkum, wamaa arsalnaaka 'alaihim wakiilaa

55. Lan Pangeranira kang luwih Ngawuningani sapa bae kang ana ing Langit lan Bumi, lan temen Ingsun wus ngluwihake sawenehe Nabi ngungkuli sawenehe, sarta Ingsun wus paring Kitab Zabur marang Nabi Dawud.

٥٥ . وَرَبُّكَ اَعْلَمُ بِمَنْ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَلَقَدْ فَضَّلْنَا بَعْضَ النَّبِيّٖنَ عَلٰى بَعْضٍ وَّاٰتَيْنَا دَاوٗدَ زَبُوْرًا ٥

Warabbuka a'lamu biman fis samaawaati wal ardh, walaqad fadhdhalnaa ba'dhan nabiyyiina 'alaa ba'dhiw wa aatainaa daawuuda zabuuraa.

56. Dhawuha sira Muhammad: "Mara sira padha nyuwuna pitulung marang brahala kang sira anggep Pangeran liyane Allah.[580] Mesthi ora bakal bisa ngilangi bebaya kang ngenani sira kabeh, lan ora bisa ngelih bebaya mau marang wong liya.

٥٦ . قُلِ ادْعُوا الَّذِيْنَ زَعَمْتُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ فَلَا يَمْلِكُوْنَ كَشْفَ الضُّرِّ عَنْكُمْ وَلَا تَحْوِيْلًا ٥

Qulid'ul ladziina za'amtum min duunihii falaa yamlikuuna kasyfadh dhurri 'ankum walaa tahwiilaa.

57. Kang dianggep Pangeran dhewe,[581] dening wong-wong mau malah padha golek lantaran supaya kacedhak marang PangeraNe. Endi kang wus luwih cedhak marang PangeraNe, ora leren-leren uga golek lantar-

٥٧ . اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ يَبْتَغُوْنَ اِلٰى رَبِّهِمُ الْوَسِيْلَةَ اَيُّهُمْ اَقْرَبُ وَيَرْجُوْنَ رَحْمَتَهٗ وَيَخَافُوْنَ عَذَابَهٗ اِنَّ عَذَابَ رَبِّكَ كَانَ مَحْذُوْرًا ٥

580). Inggih punika brahala, jin, setan, peri prayangan, Malaekat lan sanes-sanesipun ingkang dipun anggep Pangeran.

581). Maksudipun Nabi 'Isa a.s., para Malaekat, lan 'Uzair ingkang dipun anggep putraning Allah sarta dipun sembah, punika sadaya sami ngupados margi sagedipun kacelak ing Allah. Kenging punapa malah kaanggep Pangeran?

an supaya tambah cedhak, lan dheweke kang dianggep Pangeran iku, salawase uga ngarep-arep Rakhmate Allah, lan wedi ing siksaNe, sanyata siksaNe Pangeranira iku Muhammad, kang kudu luwih diwedeni.

Ulaa-ikal ladziina yad'uuna yabtaghuuna ilaa rabbihimul wasiilata ayyuhum aqrabu wa yarjuuna rahmatahuu wa yakhaafuuna 'adzaabah, inna 'adzaaba rabbika kaana mahdzuuraa.

Kaum kang ingkar mesthi kapatrapan siksa.

58. Lan sawijining Negara kang pendhudhuke duraka ora ana kang kuwasa ngrusak; ahli-ahline sadurunge Qiyamat, kejaba Ingsun pribadi; utawa Ingsun turuni siksa kang banget abote; kahanan kang mangkono iku, bab ngrusak lan nyiksa mau, wus tinulis ana ing kitab Lauhil Mahfadz.

٥٨ . وَإِنْ مِّنْ قَرْيَةٍ إِلَّا نَحْنُ مُهْلِكُوهَا قَبْلَ يَوْمِ الْقِيٰمَةِ
أَوْ مُعَذِّبُوهَا عَذَابًا شَدِيدًا ۚ كَانَ ذٰلِكَ فِي الْكِتٰبِ
مَسْطُورًا ۝

Wa-im min qaryatihii illaa nahnu muhlikuuhaa qabla yaumil qiyaamati au mu'adzdzibuhaa 'adzaaban syadiidaa, kaana dzaalika fil kitaabi masthuuraa.

59. Lan ora ana siji-sijia kang bisa malangi marang Ingsun nurunake ayat tandha yekti yaiku PanguwasanIngsun kang padha disuwun dening wong-wong iku, sababe kajaba wong-wong dhek biyen wus tahu kelakon padha anggorohake tandha yekti mau. Lan Ingsun wus maringi marang kaum Tsamud, kaume Nabi Saleh, sawijining unta wadon kang nyata dadi tandha bukti cetha Kanabiyane Saleh, ananging wong-wong mau banjur padha nganiaya (nyembelih), Ingsun ora nurunake tandha yekti iku, kajaba mung kanggo pepeling supaya padha wedi siksa Akherat. 582)

٥٩ . وَمَا مَنَعَنَآ أَنْ نُّرْسِلَ بِالْاٰيٰتِ إِلَّآ أَنْ كَذَّبَ بِهَا
الْأَوَّلُونَ ۚ وَاٰتَيْنَا ثَمُودَ النَّاقَةَ مُبْصِرَةً فَظَلَمُوا
بِهَا ۚ وَمَا نُرْسِلُ بِالْاٰيٰتِ إِلَّا تَخْوِيفًا ۝

Wamaa mana'anaa an-nursila bil aayaati illaa an kadzdzaba bihal awwaluun, wa aatainaa tsamuudan naaqata mubshiratan fazhalamuu bihaa, wamaa nursilu bil aayaati illaa takhwiifaa.

Panggodhaning syetan nyababake manungsa dadi kafir.

60. Lan elinga sira Muhammad, nalika Ingsun dhawuh marang sira: "Satemene Pangeranira nglimputi ing manungsa, lan Ingsun ora andadekake kabeh kang dikatonake 583) marang sira ana ing wengining Mi'raj kajaba

٦٠ . وَإِذْ قُلْنَا لَكَ إِنَّ رَبَّكَ أَحَاطَ بِالنَّاسِ ۗ وَمَا جَعَلْنَا
الرُّءْيَا الَّتِيٓ أَرَيْنٰكَ إِلَّا فِتْنَةً لِّلنَّاسِ وَالشَّجَرَةَ
الْمَلْعُونَةَ فِي الْقُرْاٰنِ ۚ وَنُخَوِّفُهُمْ ۖ فَمَا يَزِيدُهُمْ

582). Ing zamanipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. titiyang Quraisy sami nyuwun bukti Panguwaosipun Gusti Allah inggih punika siksa dhateng titiyang ingkang mbangkang enggal katurunana, kados ummat zaman kina-kina ingkang nate sirna sabab dening bebendhuning Pangeran. Ananging Gusti Allah boten ngersakaken malih; kados makaten dhumateng titiyang Quraisy.

583). Ulama ahli Tafsir sanes anerangaken bilih ingkang dipun katingalaken dhumateng Rasulullah s.a.w. punika nyumpena Perang Badar ingkang badhe kalampahan.

dadi cecoba tumrap para manungsa, sarta Ingsun ora nyritakake kayu Zaqum 584) kang dila'nati ana ing Quraan, kajaba uga dadi fitnah; lan wong-wong mau Ingsun wedeni, ananging ora nambahi apa-apa marang wong-wong iku, kajaba lacute kang saya banget.

وَإِذْ قُلْنَا لَكَ إِنَّ رَبَّكَ أَحَاطَ بِالنَّاسِ ۚ وَمَا جَعَلْنَا الرُّؤْيَا الَّتِي أَرَيْنَاكَ إِلَّا فِتْنَةً لِّلنَّاسِ وَالشَّجَرَةَ الْمَلْعُونَةَ فِي الْقُرْآنِ ۚ وَنُخَوِّفُهُمْ فَمَا يَزِيدُهُمْ إِلَّا طُغْيَانًا كَبِيرًا ۝

Wa-idz qulnaa laka inna rabbaka ahaatha bin-naas, wamaa ja'alnar ru'yal latii arainaaka illaa fitnatal lin-naasi wasy-syajaratal mal'uunata fil qur-aan, wa nukhawwifuhum famaa yaziiduhum illaa thughyaanan kabiiraa.

61. Lan nalika Ingsun dhawuh marang para Malaikat: "Sira padha sujuda marang Adam", nuli para Malaikat mau padha sujud, kajaba iblis, ature: "Punapa kawula kedah sujud dhumateng tiyang ingkang Paduka titahaken saking siti?"

٦١- وَإِذْ قُلْنَا لِلْمَلَائِكَةِ اسْجُدُوا لِآدَمَ فَسَجَدُوا إِلَّا إِبْلِيسَ ۖ قَالَ أَأَسْجُدُ لِمَنْ خَلَقْتَ طِينًا ۝

Wa-idz qulnaa lil-malaa-ikatis juduu li-aadama fasajaduu illaa ibliis, qaala a-asjudu liman khalaqta thiinaa.

62. Iblis matur maneh: "Mugi Paduka paring sumerap dhumateng kawula, kenging punapa, tiyang punika teka Paduka paringi kamulyan nglangkungi saking kawula. Saleresipun manawi Paduka karsa paring wekdal dhumateng kawula ngantos dinten Qiyamat, tamtu kawula telasaken anak-turunipun supados kasasar, ngemungna taksih sakedhik ingkang kantun, ingkang Paduka reksa.

٦٢- قَالَ أَرَأَيْتَكَ هَٰذَا الَّذِي كَرَّمْتَ عَلَيَّ لَئِنْ أَخَّرْتَنِ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَأَحْتَنِكَنَّ ذُرِّيَّتَهُ إِلَّا قَلِيلًا ۝

Qaala ara-aitaka haadzal ladzii karramta 'alayya la-in akhkhartani ilaa yaumil qiyaamati la-ahtanikanna dzurriyyatahuu illaa qaliilaa.

63. PangandikaNe Allah: "Sira lungaa! Banjur sapa bae sing manut ing sira iblis, kabeh anak turune Adam, satemene Neraka Jahanam iku dadi piwalesira kabeh, piwales kang sampurna.

٦٣- قَالَ اذْهَبْ فَمَنْ تَبِعَكَ مِنْهُمْ فَإِنَّ جَهَنَّمَ جَزَاؤُكُمْ جَزَاءً مَّوْفُورًا ۝

Qaaladz-hab faman tabi'aka minhum fainna jahannama jazaa-ukum jazaa-am maufuuraa.

64. Lan sira ambujuka sapa bahe anak-turune Adam kang sira sasarake kalawan suwaranira, lan undangen kanca-kancanira kang nenunggang, lan kang lumaku, lan sira ngajaka sekuthon kalawan dheweke ana ing bandha lan anak, yaiku bantunen tumindak haram, lan sira gawea parjanjiyan marang dheweke, ora ana liya janjine syetan marang dheweke iku kajaba mung pengapus krama kang cidra.

٦٤- وَاسْتَفْزِزْ مَنِ اسْتَطَعْتَ مِنْهُمْ بِصَوْتِكَ وَأَجْلِبْ عَلَيْهِمْ بِخَيْلِكَ وَرَجِلِكَ وَشَارِكْهُمْ فِي الْأَمْوَالِ وَالْأَوْلَادِ وَعِدْهُمْ ۚ وَمَا يَعِدُهُمُ الشَّيْطَانُ إِلَّا غُرُورًا ۝

Wastafziz manistatha'ta minhum bishautika wa ajlib 'alaihim bikhailika warajilika wasyaarik-hum fil amwaali wal aulaadi wa'idhum, wamaa ya'iduhumusy syaithaanu illaa ghuruuraa.

584). Taneman Zaqum punika jenis taneman ingkang namung thukul wonten ing Naraka.

65. "Sanyata iblis, sira iku ora duwe panguwasa meksa marang kawulanIngsun kang padha iman, lan cukup Pangeranira iku kang pinasrahan kabeh perkara".585)

٦٥- إِنَّ عِبَادِي لَيْسَ لَكَ عَلَيْهِمْ سُلْطَانٌ وَكَفَىٰ بِرَبِّكَ وَكِيلًا ٥

Inna 'ibaadii laisa laka 'alaihim sulthaan, wakafaa birabbika wakiilaa.

Elinga kanugrahaning Allah ing Samudera.

66. Pangeranira kang nglakokake prahu ana ing Sagara, supaya sira angupaya kanugrahaNe, satemene PanjenengaNe iku kang Maha Asih marang sira kabeh.

٦٦- رَبُّكُمُ الَّذِي يُزْجِي لَكُمُ الْفُلْكَ فِي الْبَحْرِ لِتَبْتَغُوا مِن فَضْلِهِ ۚ إِنَّهُ كَانَ بِكُمْ رَحِيمًا ٥

Rabbukumul ladzii yuzjii lakumul fulka fil bahri litabtaghuu min fadhlih, innahuu kaana bikum rahiimaa.

67. Lan manawa sira ketaman bebaya ana ing Sagara, banjur ilang brahala-brahala kang sira suwun-suwuni, kajaba mung anyenyuwun marang PanjenengaNe Allah piyambak. Bareng sira wus dislametake dening PanjenengaNe bisa tekan ing dharatan, sira banjur malengos; lan manungsa iku tansah suthik syukur marang ni'mating Allah.

٦٧- وَإِذَا مَسَّكُمُ الضُّرُّ فِي الْبَحْرِ ضَلَّ مَن تَدْعُونَ إِلَّا إِيَّاهُ ۖ فَلَمَّا نَجَّاكُمْ إِلَى الْبَرِّ أَعْرَضْتُمْ ۚ وَكَانَ الْإِنسَانُ كَفُورًا ٥

Wa-idzaa massakumudh dhurru fil bahri dhalla man tad'uuna illaa iyyaah, falammaa najjaakum ilal barri a'radh-tum, wa kaanal insaanu kafuuraa.

68. Apa sira duwe kayakinan bisa aman manawa Ingsun ngamblesake sira ana ing sandhing dharatan, utawa Ingsun ngudani watu saka Langit marang sira, sira banjur ora oleh kang bisa tetulung.

٦٨- أَفَأَمِنتُمْ أَن يَخْسِفَ بِكُمْ جَانِبَ الْبَرِّ أَوْ يُرْسِلَ عَلَيْكُمْ حَاصِبًا ثُمَّ لَا تَجِدُوا لَكُمْ وَكِيلًا ٥

Afa-amintum ay yakhsifa bikum jaanibal barri au yursila 'alaikum haashiban tsumma laa tajiduu lakum wakiilaa.

69. Utawa apa sira duwe kayakinan bisa aman, yen PanjenengaNe bakal ambalekake ing sira kabeh menyang Segara maneh, ing kono PanjenengaNe banjur angutus angin gedhe sarta ngeremake sira, jalaran kakafiranira marga ora syukur, nuli sira ora oleh sapa kang bisa menggak marang Ingsun jalaran arep nulungi sira?

٦٩- أَمْ أَمِنتُمْ أَن يُعِيدَكُمْ فِيهِ تَارَةً أُخْرَىٰ فَيُرْسِلَ عَلَيْكُمْ قَاصِفًا مِّنَ الرِّيحِ فَيُغْرِقَكُم بِمَا كَفَرْتُمْ ثُمَّ لَا تَجِدُوا لَكُمْ عَلَيْنَا بِهِ تَبِيعًا ٥

Am amintum ay yu'iidakum fiihi taaratan ukhraa fayursila 'alaikum qaashifam minar-riihi fayughriqakum bimaa kafartum tsumma laa tajiduu lakum 'alainaa bihii tabii'aa.

585). Maksuding ayat 64 - 65, anerangaken bilih Gusti Allah paring palilah lan nyrantosaken wekdal ingkang prayogi dhateng syetan anggenipun badhe boten saged mempan manawi ngadhepi tiyang ingkang sampun iman temenan.

70. Lan temen Ingsun wus amulyakake anak turune Adam, lan Ingsun wus nunggangake dheweke ana ing tunggangan dharatan, lan Sagara; lan Ingsun paring rezeki pirang-pirang kang becik, 586) sarta wus Ingsun utamakake ngungkuli sakabehe makhluk kang Ingsun titahake.

٧٠- وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِيٓ اٰدَمَ وَحَمَلْنٰهُمْ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَرَزَقْنٰهُمْ مِّنَ الطَّيِّبٰتِ وَفَضَّلْنٰهُمْ عَلٰى كَثِيْرٍ مِّمَّنْ خَلَقْنَا تَفْضِيْلًا ۝

Walaqad karramnaa banii aadama wa hamalnaahum fil-barri wal bahri warazaqnaahum minath thayyibaati wa fadhdhalnaahum 'alaa katsiirim mimman khalaqnaa tafdhiilaa.

71. Ana ing dina Ingsun timbali kabeh manungsa ing dina Qiyamat karo para pemimpine, sapa sing diparingi kitab cathetan 'amale, anggone nampani nganggo tangane tengen, wong-wong kang mangkono iku kang oleh kabegjan, bisa maca kitabe sarta dheweke ora padha dianiaya sathithik-thithika!

٧١- يَوْمَ نَدْعُوْا كُلَّ اُنَاسٍۢ بِاِمَامِهِمْ ۚ فَمَنْ اُوْتِيَ كِتٰبَهٗ بِيَمِيْنِهٖ فَاُولٰۤىِٕكَ يَقْرَءُوْنَ كِتٰبَهُمْ وَلَا يُظْلَمُوْنَ فَتِيْلًا ۝

Yauma nad'uu kulla unaasim bi-imaamihim, faman uutiya kitaabahuu biyamiinihii fa-ulaa-ika yaqra-uuna kitaabahum walaa yuzhlamuuna fatiilaa.

72. Sing sapa wuta atine ana ing Donya iki, ana ing Akherat besuk hiya wuta, lan luwih sasar dalane.

٧٢- وَمَنْ كَانَ فِيْ هٰذِهٖۤ اَعْمٰى فَهُوَ فِي الْاٰخِرَةِ اَعْمٰى وَاَضَلُّ سَبِيْلًا ۝

Waman kaana fii haadzihii a'maa fahuwa fil aakhirati a'maa wa adhallu sabiilaa.

Kaya kang kadadeyan marang para Andika Nabi ing jaman biyen, sapa bahe kang ambalela marang Nabi Muhammad s.a.w. bakal cilaka, cabar, lan kesasar!

73. Lan meh-meh wong-wong kafir mau mitnah sira Muhammad, supaya sira mopo marang dhawuhIngsun, amrih sira gawe-gawe ngucapake kang dudu dhawuhIngsun, diakokake saka ngarsanIngsun. Manawa sira kongsi tumindak kang mangkono, manut karepe wong-wong kafir iku, mesthi dheweke padha nganggep kekasih marang sira.

٧٣- وَاِنْ كَادُوْا لَيَفْتِنُوْنَكَ عَنِ الَّذِيْٓ اَوْحَيْنَآ اِلَيْكَ لِتَفْتَرِيَ عَلَيْنَا غَيْرَهٗ ۖ وَاِذًا لَّاتَّخَذُوْكَ خَلِيْلًا ۝

Wa-in kaaduu layaftinuunaka 'anil ladzii auhainaa ilaika litaftariya 'alainaa ghairahuu wa idzal lat takhadzuuka khaliilaa.

586). Saking kepareng nDalem Gusti Allah ingkang Maha Wicaksana anitahaken susunan **iklim, pengaruh lingkungan, sarta barang baku (energi)** kangge transportasi Dharatan **(Bawana) sarta Samodera Bahari makaten ugi** Dirgantara, alaming **ekonomi** badhe tambah santosa, **kabudayan** bangsa lajeng tuwuh tehnologi modern, kadosta radar, kompyuter, telex, satelit komunikasi (Palapa) punika sadaya kersaning Allah SWT supados kangge kamanfaa'tanipun **Pembangunan ummat Manungsa Universil,** inggih punika ingkang artosipun **syukur Ni'mating Allah!**

74. Lan saupama sira ora Ingsun kuwatake nyekel dalan kang haq, mesthi saben-saben sira arep kapilut (condhong) sathithik marang dheweke.

٧٤. وَلَوْلَآ اَنْ ثَبَّتْنٰكَ لَقَدْ كِدْتَّ تَرْكَنُ اِلَيْهِمْ شَيْـًٔا قَلِيْلًا ۝

Walau laa an tsabbatnaaka laqad kid-ta tarkanu ilaihim syai-an qaliilaa.

75. Manawa kedadeyan kang kaya mangkono mau yaiku sira nuruti panjaluke wong-wong mau, mesthi sira Ingsun icipake supaya ngrasakake siksa-Donya matikel-tikel, mangkono uga siksa sajroning mati (alam kubur); sira banjur ora ana kang bisa nulungi nulak siksanIngsun.

٧٥. اِذًا لَّاَذَقْنٰكَ ضِعْفَ الْحَيٰوةِ وَضِعْفَ الْمَمَاتِ ثُمَّ لَا تَجِدُ لَكَ عَلَيْنَا نَصِيْرًا ۝

Idzal la-adzaqnaaka dhi'fal hayaati wa dhi'fal mamaati tsumma laa tajidu laka 'alainaa nashiiraa.

76. Lan satemene dheweke wong-wong Yahudi iku, meh bahe nggawe ora jenjem ing Negara kanggo nundhung sira Muhammad saka tanah Mekah, amrih sira metu saka kono, lan manawa dheweke nundhung sira, dheweke hiya ora padha bisa manggon tetep, sawuse sira tinggal, awit ana ing waktu sadhela bahe dheweke banjur padha dirusak! 587)

٧٦. وَاِنْ كَادُوْا لَيَسْتَفِزُّوْنَكَ مِنَ الْاَرْضِ لِيُخْرِجُوْكَ مِنْهَا وَاِذًا لَّا يَلْبَثُوْنَ خِلٰفَكَ اِلَّا قَلِيْلًا ۝

Wa-in kaaduu layastafirruu-naka minal ardhi liyukhrijuuka minhaa wa-idzal laa yalbatsuuna khilaafaka illaa qaliilaa.

77. Kaya mangkono uga, lelakone para UtusaningSun sadurungira, yaiku saben-saben Nagara kang wus ditinggal dening Rasule sabab ditundhung kaume, 588) banjur enggal dirusak sak ahline kabeh. Lan sira ora mrangguli owah-owahan ana ing Sunnah dedalaningIngsun!

٧٧. سُنَّةَ مَنْ قَدْ اَرْسَلْنَا قَبْلَكَ مِنْ رُّسُلِنَا وَلَا تَجِدُ لِسُنَّتِنَا تَحْوِيْلًا ۝

Sunnata man qad arsalnaa qablaka mir rusulinaa walaa tajidu lisunnatinaa tahwiilaa.

Hidayah lan Taufiqing Allah ngadhepi tantangan.

78. Lan sira ngedegna Shalat karana lingsire srengenge (waktu Dzuhur lan 'Asar), tumeka wiwit petenge wayah bengi (waktu Maghrib lan 'Isya'), lan ngedegna Shalat fajar

٧٨. اَقِمِ الصَّلٰوةَ لِدُلُوْكِ الشَّمْسِ اِلٰى غَسَقِ الَّيْلِ وَقُرْاٰنَ الْفَجْرِ اِنَّ قُرْاٰنَ الْفَجْرِ كَانَ مَشْهُوْدًا ۝

587). Miturut katerangan ingkang langkung mu'tamad (reliable) anerangaken bilih Rasulullah s.a.w. anggenipun Hijrah saking Mekkah dhateng Madinah punika boten sabab dipun usir pendhudhuk Mekkah (kafir utawi Yahudi), ananging karana dhawuhing Allah SWT' Hijrah (pindhah karana angrungkebi Agami) punika lelampahan penting, pramila prayogi para sutrisna maos kitab-kitab Tarikh Nabi s.a.w. sarta Tarikhipun para Andika Nabi a.s.

588). Sampun dados sunnah (katetepaning) Allah bilih kaum ingkang ngusir-nundhung Utusaning Allah tamtu dipun siksa (kasirnakaken) dening Bebenduning Pangeran, kadosta kaum Tsamud lan sanes-sanesipun.

(shubuh); sanyata Shalat fajar (shubuh) iku disekseni dening Malaikat rina lan Malaikat wengi! 589)

Aqimish shalaata liduluukisy syamsi ilaa ghasaqil laili wa qur-aanal fajr, inna qur-aanal fajri kaana masyhuudaa.

79. Lan ana ing waktu wengi sira tangia nindakake Shalat Tahajud kang dadi tambahing kautaman tumrap sira, muga-muga Pangeranira ngangkat pangkatira ana ing derajad kang pinuji. 590)

٧٩ - وَمِنَ ٱلَّيْلِ فَتَهَجَّدْ بِهِۦ نَافِلَةً لَّكَ ۖ عَسَىٰٓ أَن يَبْعَثَكَ رَبُّكَ مَقَامًا مَّحْمُودًا ۝

Waminal laili fatahajjad bihii naafilatal lak, 'asaa ay yab'atsaka rabbuka maqaamam mahmuudaa.

80. Lan sira Muhammad nyenyuwuna: "Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka nglebetaken kawula ing papaning mlebet ingkang dipun ridlani, lan mugi ngedalaken kawula ing papaning medal ingkang dipun ridlani, lan Paduka mugi paring katerangan dhumateng kawula saking ngarsa Paduka, ingkang saged nulungi ing nalika ngrungkebi tuwin ngluhuraken Agami Paduka". 591)

٨٠ - وَقُل رَّبِّ أَدْخِلْنِى مُدْخَلَ صِدْقٍ وَأَخْرِجْنِى مُخْرَجَ صِدْقٍ وَٱجْعَل لِّى مِن لَّدُنكَ سُلْطَٰنًا نَّصِيرًا ۝

Waqur rabbi adkhilnii mudkhala shidqiw wa akhrijnii mukhraja shidqiw waj'al lii mil-ladunka sulthaanan nashiiraa.

81. Muhammad sira dhawuha: "Wus teka barang kang haq, sarta rusak barang kang batal. Satemene barang kang batal iku mesthi lebur tanpa dadi! 592)

٨١ - وَقُلْ جَآءَ ٱلْحَقُّ وَزَهَقَ ٱلْبَٰطِلُ ۚ إِنَّ ٱلْبَٰطِلَ كَانَ زَهُوقًا ۝

Waqul jaa-al haqqu wazahaqal baathil, innal baathila kaana zahuuqaa.

---

589). Ayat punika sarana gamblang anerangaken bilih Shalat Wajib punika 5 (gangsal) wekdal, inggih punika: sasampunipun lingsir Srengenge, punika **Zhuhur lan Ashar,** dene sasampunipun wiwit wanci dalu inggih punika **Maghrib** lan **'Isyak,** lajeng Shalat **Shubuh,** ingkang ing ayat punika kasebat sarana tembung Shalat Fajar.

590). Shalat **Tahajud** punika ingkang utami piyambak sabakdanipun Shalat Wajib, sarta shalat Tahajud punika ingkang utami katindaken wonten **Griya,** dados Sinaring Ilahy badhe sumorot saking **Mesjid** lan saking **Griya.** Pramila griya ingkang boten nate kangge shalat Dalu (Tahajud) punika semruweng, boten sumringah lan boten Berkah! Dene praktekipun gampil kemawon, inggih punika shalat Kalih reka'at entheng rumiyin, lajeng shalat malih Tigang reka'at (Witir naminipun, lan salaminipun sepisan kemawon), punika sakedhekipun lan sampun cekap! Dene badhe utami malih sedaya **Sewelas reka'at,** kados manawi Tarwikh ing wulan Siyam, namung wekdalipun tengah dalu, sare rumiyin, supados mat-matan! Shalat tahajud piyambakan sarta langsung manembah lan dhedhepe dhumateng ngarsaning Allah SWT ing wanci dalu sepen mamring! Kagem para ingkang nembe prihatos, ujian, badhe kekesahan tebih, ngasta kalenggahan penting, lan manah bingung anggenipun milih. utawi sisah sabab kafitnah, punika **Gusti Allah SWT pribadi** ingkang saged paring Hidayah lan Taufik dhumateng manungsa, kawulanipun!

591). Maksudipun nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT mugi-mugi dipun paringana tansah padhang ing manah, badhe ibadah lan rampung ibadah dipun paringana manah ikhlas, suci lan resik saking ria, pamer lan gumedhe, sarta ngantos ngrisakaken ganjaranipun!

Ahli Tafsir sanesipun anerangaken, bilih maksudipun punika supados kita pinaringan sae mlebet kubur (Husnul khatimah-pungkasan gesang ingkang sae) lan ugi pinaringan sae medal saking kubur (tegesipun boten dipun siksa kubur) lan sae sarta lulus dipun hisab amalipun saged lumebet ing Suwarga salami-laminipun!

592). Punika aksioma piwucal Islam, bilih halal lan haram punika jelas, boten wonten setengah halal, utawi setengah haram. Salajengipun leres punika leres (haq), tegesipun ingkang salah kedah seleh (dipun hukum perdata punapa pidana, miturut kasus soalipun), dene ingkang batal kedah katindak, boten kenging dipun komersiilaken lan boten kenging dipun tutup-tutupi! Inggih makaten punika adil parama arta ingkang badhe damel tata-tentrem lan tata-raharja ing 'alam Donya dumugining alam Akherat (kalanggengan).

82. Lan Ingsun nurunake ana ing Quraan tamba-panawar katerangan-katerangan kang marasake saka kakliruan sarta dadi rakhmat tumrap wong kang padha iman, lan Quraan iku ora anambahi marang wong-wong kang nganiaya, kajaba mung kapitunan. 593)

٨٢ - وَنُنَزِّلُ مِنَ الْقُرْاٰنِ مَا هُوَ شِفَآءٌ وَّرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِيْنَ وَلَا يَزِيْدُ الظّٰلِمِيْنَ اِلَّا خَسَارًا ۝

Wa nunazzilu minal qur-aani maa huwa syifaa-uw wa rahmatul lil mu'miniina walaa yaziiduzh zhaalimiina illaa khasaaraa.

83. Lan manawa Ingsun paring ni'mat marang manungsa, dheweke padha malengos ora eling marang Ingsun, sarta ngungkurake awake marang Ingsun sarana ambeg gumedhe. Lan manawa dheweke padha kataman kasusahan banjur nglokro, pedhot pengarep-arepe saka sih rakhmating Allah.

٨٣ - وَاِذَآ اَنْعَمْنَا عَلَى الْاِنْسَانِ اَعْرَضَ وَنَاٰ بِجَانِبِهٖ ۚ وَاِذَا مَسَّهُ الشَّرُّ كَانَ يَـُٔوْسًا ۝

Wa idzaa an'amnaa 'alal insaani a'radha wa na-aa bijaanibih, wa idzaa massahusy syarru kaana ya-uusaa.

84. Dhawuha sira Muhammad: "Kabeh padha anindakake miturut dalane dhewe-dhewe 594) lan Pangeranira iku luwih ngawuningani marang wong kang luwih bener oleh pituduh ana ing dalane!"

٨٤ - قُلْ كُلٌّ يَّعْمَلُ عَلٰى شَاكِلَتِهٖ ۚ فَرَبُّكُمْ اَعْلَمُ بِمَنْ هُوَ اَهْدٰى سَبِيْلًا ۝

Qul kulluy ya'malu 'alaa syaakilatih, farabbukum a'lamu biman huwa ahdaa sabiilaa.

85. Lan dheweke padha pitakon marang sira Muhammad ing bab perkaraning roh; dhawuha sira: "Roh iku sawenehing perkarane Pangeranku, sira kabeh ora diparingi mangerti kajaba mung sathithik". 595)

٨٥ - وَيَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ الرُّوْحِ ۭ قُلِ الرُّوْحُ مِنْ اَمْرِ رَبِّيْ وَمَآ اُوْتِيْتُمْ مِّنَ الْعِلْمِ اِلَّا قَلِيْلًا ۝

Wa yas-aluunaka 'anir ruuh, qulir-ruuhu min amri rabbii wamaa uutiitum minal 'ilmi illaa qaliilaa.

593). Quraan dados tamba-panawar, tegesipun saged ngobati sakitipun mental ingkang sakit (kafir, munafik, remen maksiyat, adigang-adigung-adiguna, lls.); caranipun dhawuhing Allah ing Quraan wau dipun waos lan dipun suraos ingkang estu, lajeng mbaka sakedhik awakipun piyambak katuntun dhateng kasaenan sakiyatipun, manawi sampun kulina mangke badhe wangsul dados mental ingkang sehat wal 'afiyat (Mental health system). Dados sampun kafaham wantah, kertas ingkang wonten seratanipun Quraan dikum ing toya bening, sasampunipun dipun suwuk do'a, lajeng toyanipun dipun ombe, boten, boten makaten piwulang t a u h i d ! Dene Quraan dados R a h m a t punika gamblang sanget, masyarakat badhe kahayoman ing Berkah lan Rahmating Pangeran ingkang anitahaken Bumi lan Langit dalah saisinipun, lan manungsa ingkang ikhtiyar sarana ratio-nipun lan sarana mentalipun, damel reka-daya makmuraken gesangipun, sarta damel kawilujengan bebrayanipun sarana damel tatanan-tatanan ing Parlemen lan Kongres, lajeng sadaya aparat Pamarentah nindakaken kaadilan, bares, lan trengginas. Makaten ugi sadaya anggotaning masyarakat kedah sami tuhu miturut pernatan-pernatanipun ingkang dipun damel piyambak, asas demokrasi ing sadaya laladan ngagesang (ekonomi, kabudayan, agami, kaamanan-partahanan, politik, ideologi lls-ipun) punika, kula ambali malih qaidah-qaidah ingkang sarwa fundamental sampun kasebat ing Kitab Suci Al-Quraan. Sumangga kula aturi anlatosi wongsal-wangsul maos lan nyuraos mangke rak pinanggih!

594). Artosipun kawontenanipun inggih punika tabeat sarta daya pangaribawaning alam sakiwa tengenipun. Utawi manawi wonten ilmu pendidikan, dhasar lan ajar punika kalih kakiyatan ingkang gadhah daya pangaribawa dhateng ambangun kapribadian (personality).

595). Roh utawi sukma, utawi jiwa punika punapa ta? Ing rehning soekma wau rembagipun kalebet bangsa ghaib (alus boten saged kinasat ing panca-ndriya), boten saged badhe dipun grayangi,

Tantangan Nabi Muhammad s.a.w. marang para manungsa kanggo nandhingi Quraan.

86. Manawa dadi kaparenging karsanIngsun, yekti Ingsul ngilangake apa kang wus Ingsun wahyokake marang sira saka atinira, lan sabab ilange wahyu, sira banjur ora bisa oleh kang bisa ambelani Wahyu mau saka ngarsanINgsun.

٨٦ - وَلَئِنْ شِئْنَا لَنَذْهَبَنَّ بِالَّذِيٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ ثُمَّ لَا تَجِدُ لَكَ بِهِۦ عَلَيْنَا وَكِيلًا ۝

Wala-in syi'naa lanadzhabanna billadzii auhainaa ilaika tsumma laa tajidu laka bihii 'alainaa wakiilaa.

87. Kajaba kalawan rakhmating Pangeranira, sanyata kanugrahaning Pangeranira iku tumrap sira luwih gedhe.

٨٧ - إِلَّا رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۚ إِنَّ فَضْلَهُۥ كَانَ عَلَيْكَ كَبِيرًا ۝

Illaa rahmatam mir rabbik, inna fadhlahuu kaana 'alaika kabiiraa.

88. Dhawuha sira Muhammad: "Saupama manungsa lan jin iku nglumpuk arep nekani gawe sing kaya Quraan iki, mesthi ora bisa kalakon nekakake gawe kang padha karo Quraan iki, sanajan saweneh marang sawenehe nulungi marang liyane.

٨٨ - قُل لَّئِنِ ٱجْتَمَعَتِ ٱلْإِنسُ وَٱلْجِنُّ عَلَىٰٓ أَن يَأْتُوا۟ بِمِثْلِ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ لَا يَأْتُونَ بِمِثْلِهِۦ وَلَوْ كَانَ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ ظَهِيرًا ۝

---

kados punapa wujudipun lan wonten ing pundi dumunungipun lan sapiturutipun. Sagedipun namung dipun raosaken dayanipun inggih punika raos sajatining gesang.

Pramila kangge nanggapi pitaken wau ingkang prayogi namung kantun ndherek punapa dhawuhing Wahyu Ilahy ingkang anerangaken prakawis sukma wau, kados ingkang kaweca ing ayat 85 kasebat. Dados saking dhawuhing Al Quraan punika, saged kapendhet suraosipun, bilih manungsa punika boten saged badhe mangertosi sajatosipun sukma wau, amargi 'ilmu peparing ing Pangeran dhateng manungsa namung sakedhik sanget, ibaratipun kados mangsi ing pucuking pen kabandhing toya Samodra saindhenging bawana.

Dados boten saged gaduk manawi badhe kangge anggayuh sajatosing sukma wau. Dene sagedipun namung kangge nyumerepi **kados pundi menggah badhe lelampahanipun sukma sasampunipun oncat saking badan wadhag,** lan inggih punika ingkang prayogi sanget!

Kados ingkang sampun kapratelakaken ing nginggil, tiyang punika manawi sampun pejah lajeng manggen ing 'Alam Barzakh. Samangke kawuningana, wonten ing Barzakh, tiyang wau sampun saged ngraosaken bingah lan sisah. Tiyang ingkang begja badhe mlebet ing Suwarga, ing ngriku sampun ngraosaken siliripun lan gandanipun ingkang sakalangkung arum lan sedhep. Dene tiyang ingkang cilaka badhe kacemplungaken ing Naraka, inggih sampun kraos bentenangantar-antar saking sumubing latu Naraka wau. Inggih kados makaten punika sawene ingkang sok dipunwastani **ni'mat lan siksa kubur!**

Awit saking punika, tiyang ingkang nalika gesangipun ma'rifat sarta tresna lan sumungkeing Allah, pejah punika dados kabingahan lan senengipun. Jalaran pejah wau kajawi badh damel sakeca lan ni'matipun, ugi badhe dados marginipun kaleksanan anggenipun sampu dangu tansah cecengklungan kepingin badhe sowan pinanggih ing ngarsaning Allah Gusti Be daranipun.

Dene tumraping tiyang ingkang nalika gesangipun ambek boten ngrewes ing Allah Panger Ingkang anitahaken, pejah wau badhe damel sisah lan sangsaranipun ingkang ageng sang Awit pejah punika kajawi badhe adamel sakit lan ngrekaosipun, ugi badhe misahaken piyambipun kaliyan kasenenganipun ingkang wonten ing Donya, punapa dene pejah wau badhe mel piyambakipun kasowanaken ngadhep ing pangadilanipun Allah Ratu Ingkang Mahaagu sarana nampi bebendu lan dedukanipun. Dhuh saeba badhe nelangsa lan getunipun!

Dene manawi roh kalawau katiti priksa saking ilmu kawruhing para Ahli Psychologie i kang anengenaken nyumurapi ngrembakanipun, pengaruhipun, sarta tingkah-lakunipun, sadipun sampurnaken nganggе jajal-jajalan ing laboratorium, riset lan paniti priksa ing masyaral ing pabrik-pabrik lan sapanunggilanipun. Menggah warni-warninipun psychology (ilmu-ji kadosta, ilmu-jiwa lare, ilmu-jiwa bangsa-bangsa, ilmu-jiwa empiris, ilmu-jiwa individual, il jiwa massa, ilmu-jiwa metafisis, ilmu-jiwa paedagogis, ilmu-jiwa sosial, lan sapiturutipun.

Qul la-inijtama'atil insu wal jinnu 'alaa ay ya'tuu bimitsli haadzal qur-aani laa ya'tuuna bimitslihii walau kaana ba'-dhuhum biba'dhin dhahiiraa.

89. Yekti Ingsun wus nerangake bola-bali ana ing Quraan, marang para manungsa bab siji-sijine sanepa, nanging akeh-akehe manungsa ora padha gelem nampa, malah banget ing kafire.

٨٩ - وَلَقَدْ صَرَّفْنَا لِلنَّاسِ فِي هٰذَا الْقُرْاٰنِ مِنْ كُلِّ مَثَلٍ فَاَبٰٓى اَكْثَرُ النَّاسِ اِلَّا كُفُوْرًا ۝

Walaqad sharrafnaa linnaasi fii haadzal qur-aani min kulli matsalin fa-abaa aktsarun naasi illaa kufuuraa.

90. Lan wong-wong kafir padha angucap: "Kula boten badhe iman dhumateng Panjenengan Muhammad, ngantos Panjenengan saged mancuraken toya ngetuk saking Bumi kangge kita sadaya.

٩٠ - وَقَالُوْا لَنْ نُّؤْمِنَ لَكَ حَتّٰى تَفْجُرَ لَنَا مِنَ الْاَرْضِ يَنْۢبُوْعًا ۝

Wa qaaluu lan nu'mina laka hattaa tafjura lanaa minal ardhi yambuu'aa.

91. Utawi Panjenengan kagungan kebon kurma tuwin anggur, lajeng Panjenengan ngilekaken lepen-lepen wonten ing sela-selaning kebon wau.

٩١ - اَوْ تَكُوْنَ لَكَ جَنَّةٌ مِّنْ نَّخِيْلٍ وَّعِنَبٍ فَتُفَجِّرَ الْاَنْهٰرَ خِلٰلَهَا تَفْجِيْرًا ۝

Au takuuna laka jannatum min nakhiiliw wa'inabin fatufajjiral anhaara khilaalahaa tafjiiraa.

92. Utawi manawi Panjenengan saged andhawahaken Langit sangajeng kita cuwil-cuwilan, kados panginten Panjenengan utawi Panjenengan ngrawuhaken Allah sarta Malaikat, ajeng-ajengan sangajeng kita.

٩٢ - اَوْ تُسْقِطَ السَّمَآءَ كَمَا زَعَمْتَ عَلَيْنَا كِسَفًا اَوْ تَاْتِيَ بِاللّٰهِ وَالْمَلٰٓئِكَةِ قَبِيْلًا ۝

Au tusqithas samaa-a kamaa za'amta 'alainaa kisafan au ta'tiya billaahi wal malaa-ikati qaliilaa.

93. Utawi manawi Panjenengan kagungan dalem ingkang saking jene emas, utawi Panjenengan minggah dhateng Langit, sarta kita boten pitados anggen Panjenengan minggah punika, ngantos Panjenengan nurunaken Kitab dhateng kita ingkang perlu kita waos". Dhawuha sira Muhammad: "Maha Suci Pangeranku, ora ana liya aku iki, kajaba manungsa lumrah kang kautus!"

٩٣ - اَوْ يَكُوْنَ لَكَ بَيْتٌ مِّنْ زُخْرُفٍ اَوْ تَرْقٰى فِي السَّمَآءِ ۭ وَلَنْ نُّؤْمِنَ لِرُقِيِّكَ حَتّٰى تُنَزِّلَ عَلَيْنَا كِتٰبًا نَّقْرَؤُهٗ ۭ قُلْ سُبْحَانَ رَبِّيْ هَلْ كُنْتُ اِلَّا بَشَرًا رَّسُوْلًا ۝

Au yakuuna laka baitum min zukhrufin au tarqaa fis-samaa', walan nu'mina liruqiyyika hattaa tunazzila 'alainaa kitaaban naqra-uh, qul subhaana rabbii hal kuntu illaa basyarar rasuulaa.

Ingkare wong kafir lan carane anang-gapi.

94. Lan ora ana kang ngalang-alangi marang para manungsa sing arep iman nalika wong-wong mau katekan pituduh, kajaba padha ngucap: "Apa Allah njumenengake sawijining manungsa dadi Utusan?"

٩٤. وَمَا مَنَعَ النَّاسَ اَنْ يُّؤْمِنُوْٓا اِذْ جَآءَهُمُ الْهُدٰٓى
اِلَّآ اَنْ قَالُوْٓا اَبَعَثَ اللّٰهُ بَشَرًا رَّسُوْلًا ۝

Wamaa mana'an naasa ay yu'minuu idz jaa-ahumul hudaa illaa an qaaluu aba-'atsallaahu basyarar rasuulaa.

95. Dhawuha sira Muhammad: "Saupama ing Bumi iki ana Malaikat-Malaikat kang padha mlaku, dadi isen-isening Bumi, temen Ingsun nurunake Malaikat saka Langit dadi Utusan tumrap dheweke".

٩٥. قُلْ لَّوْ كَانَ فِى الْاَرْضِ مَلٰٓئِكَةٌ يَّمْشُوْنَ مُطْمَئِنِّيْنَ
لَنَزَّلْنَا عَلَيْهِمْ مِّنَ السَّمَآءِ مَلَكًا رَّسُوْلًا ۝

Qul lau kaana fil ardhi malaa-ikatuy yamsyuuna muthma-inniina lanazzalnaa 'alaihim minas samaa-i malakar rasuulaa.

96. Dhawuha sira Muhammad: "Allah wus cukup dadi saksi ing antaraku lan antaranira kabeh, yaiku kabeneranku dadi Utusan marang sira kabeh. Sanyata Allah iku Maha Waspada, tur Ngawuningani kabeh kahanane para kawula!"

٩٦. قُلْ كَفٰى بِاللّٰهِ شَهِيْدًا بَيْنِىْ وَبَيْنَكُمْ ۗ اِنَّهٗ كَانَ
بِعِبَادِهٖ خَبِيْرًا ۢ بَصِيْرًا ۝

Qul kafaa billaahi syahiidam bainii wa bainakum, innahuu kaana bi'ibaadihii khabiiram bashiiraa.

97. Lan sapa bahe wonge kang kaparingan pituduh dening Allah, yekti dheweke oleh pituduh, lan sapa bahe wonge kang disasarake, mangka sira Muhammad ora bakal ana wong kang bisa nulungi dheweke saliyane Allah; lan Ingsun bakal nglumpukake wong-wong mau besuk ana ing dina Qiyamat, rahi-rahine padha diseret mangka kedaden wuta, bisu lan budheg. Panggonane wong-wong mau ing Naraka Jahanam, saben-saben suda urube, Ingsun tambah mulad-mulade.

٩٧. وَمَنْ يَّهْدِ اللّٰهُ فَهُوَ الْمُهْتَدِ ۚ وَمَنْ يُّضْلِلْ فَلَنْ
تَجِدَ لَهُمْ اَوْلِيَآءَ مِنْ دُوْنِهٖ ۗ وَنَحْشُرُهُمْ يَوْمَ
الْقِيٰمَةِ عَلٰى وُجُوْهِهِمْ عُمْيًا وَّبُكْمًا وَّصُمًّا ۗ مَاْوٰىهُمْ
جَهَنَّمُ ۗ كُلَّمَا خَبَتْ زِدْنٰهُمْ سَعِيْرًا ۝

Wamay yahdillaahu fahuwal muhtad, wamay yudhlil falan tajida lahum auli-yaa-a min duunih, wa nahsyuruhum yaumal qiyaamati 'alaa wujuuhihim 'umyaw wa bukmaw wa shummaa, ma'waahum jahannam, kullamaa khabat zidnaahum sa'iiraa.

98. Kang mangkono iku piwalese wong-wong mau, jalaran dheweke wus padha kafir marang ayat-ayatIngsun. Lan wong-wong mau padha ngucap: "Apa manawa aku wus dadi balung, lan wus ajur muwur dadi lemah apa bener aku bakal ditangekake urip maneh dadi makhluk anyar?"

٩٨. ذٰلِكَ جَزَآؤُهُمْ بِاَنَّهُمْ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِنَا وَقَالُوْٓا ءَاِذَا
كُنَّا عِظَامًا وَّرُفَاتًا ءَاِنَّا لَمَبْعُوْثُوْنَ خَلْقًا جَدِيْدًا ۝

Dzaalika jazaa-uhum bi-annahum kafaruu bi-aayaatinaa wa qaaluu a-idzaa kunnaa 'izhaamaw warufaatan a-innaa lamab'uutsuuna khalqan jadiidaa.

99. Apa wong iku ora padha sumurup manawa Allah kang wus anitahake Langit-Langit lan Bumi iku, uga kuwasa anitahake kang sarupa karo dheweke? Lan PanjenengaNe uga wus anetepake waktu kanggo dheweke, kang wis ora ana mamang maneh bakal mati utawa Qiyamat, nanging wong-wong kang zhalim ora gelem nrima, malah mung saya kafire.

٩٩. أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّ اللَّهَ الَّذِي خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضَ قَادِرٌ عَلٰى أَنْ يَخْلُقَ مِثْلَهُمْ وَجَعَلَ لَهُمْ أَجَلًا لَا رَيْبَ فِيهِ ۖ فَأَبَى الظّٰلِمُونَ إِلَّا كُفُورًا ۝

Awalam yarau annallaahal ladzii khalaqas samaawaati wal ardha qaadirun 'alaa ay yakhluqa mitslahum waja'ala lahum ajalal laa raiba fiih, fa-aba zhaalimuuna illaa kufuuraa.

100. Dhawuha sira Muhammad: "Saupama sira kabeh padha anduweni gedhung panyimpening rakhmate Pangeranku, yekti sira medhit, jalaran wedi nanjakake sumelang (mlarat); lan mangertia mungguh dhasar watake manungsa iku kumet".

١٠٠. قُلْ لَوْ أَنْتُمْ تَمْلِكُونَ خَزَآئِنَ رَحْمَةِ رَبِّي إِذًا لَأَمْسَكْتُمْ خَشْيَةَ الْإِنْفَاقِ ۚ وَكَانَ الْإِنْسَانُ قَتُورًا ۝

Qul lau antum tamlikuuna khazaa-ina rahmati rabbii idzal la-amsaktum khasyyatal infaaq, wa kaanal insaanu qatuuraa.

Tepa palupi sarta pengalamane Nabi Musa a.s. iku minangka panglipuring penggalihe Nabi Muhammad s.a.w.

101. Lan sanyata Ingsun wus paring marang Musa sangang Ayat (Mu'jizat) kang nyata; 596) sira takona marang wong Bani Israil ing nalika Musa ngrawuhi marang wong-wong mau, mangka pangucape Fir'aun marang dheweke: "He Musa, saka panemuku sira iku, wong kang kena sihir!"

١٠١. وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسٰى تِسْعَ آيَاتٍ بَيِّنَاتٍ فَسْئَلْ بَنِي إِسْرَآئِيلَ إِذْ جَآءَهُمْ فَقَالَ لَهُ فِرْعَوْنُ إِنِّي لَأَظُنُّكَ يٰمُوسٰى مَسْحُورًا ۝

Walaqad aatainaa muusaa tis'a aayaatim bayyinaatin fas-al banii israa-iila idz jaaahum faqaala lahuu fir'aunu innii la-azhunnuka yaa muusaa mashuuraa.

102. Musa mangsuli: "Sayektos sampeyan Fir'aun sampun sumerap manawi boten wonten ingkang nurunaken tandha yekti Mu'jizat warna sanga wau, kajawi Pangeraning Langit-Langit lan Bumi, supados dados katerangan ingkang nyata. Sarta miturut pamanggih kula sampeyan punika Fir'aun, tiyang ingkang sampun dipun tebihaken saking rakhmat (tiyang ingkang badhe sirna)".

١٠٢. قَالَ لَقَدْ عَلِمْتَ مَآ أَنْزَلَ هٰؤُلَآءِ إِلَّا رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ بَصَآئِرَ ۚ وَإِنِّي لَأَظُنُّكَ يٰفِرْعَوْنُ مَثْبُورًا ۝

Qaala laqad 'alimta maa anzala haaulaa-i illaa rabbus samaawaati wal ardhi bashaa-ir, wa innii la-azhunnuka yaa fir'aunu matsbuuraa.

596). Mu'jizat warni sanga wau: 1. teken, 2. asta seta, 3. walang, 4. tuma, 5. kodhok, 6. rah, 7. prahara, 8. seganten Abrit, lan 9. pareden Thursina.

١٠٣. فَأَرَادَ أَنْ يَّسْتَفِزَّهُمْ مِّنَ الْأَرْضِ فَأَغْرَقْنٰهُ وَمَنْ مَّعَهٗ جَمِيْعًا ۙ

Fa-araada ay yastafizzahum minal ardhi fa-aghraqnaahu wamam ma'ahuu jamii-'aa.

103. Fir'aun banjur duwe karep nundhung Musa lan Bani Israil saka bumi Mesir, nanging Ingsun banjur ngeremake Fir'aun sarta wong-wong kang padha dadi pandhereke kabeh.

١٠٤. وَّقُلْنَا مِنْۢ بَعْدِهٖ لِبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اسْكُنُوا الْاَرْضَ فَاِذَا جَآءَ وَعْدُ الْاٰخِرَةِ جِئْنَا بِكُمْ لَفِيْفًا ۭ

Wa qulnaa mim ba'dihii libanii israa-iilas kunul-ardha fa-idzaa jaa-a wa'dul aakhirati ji'naa bikum lafiifaa.

104. Lan Ingsun paring dhawuh sawuse Bani Israil: "Sira padha tetepa manggon ana ing bumi Mesir, manawa wus teka janji kang akhir Ingsun mesthi nekakake sira kabeh ana ing kahanan kang ndadekake campur bawur karo mungsuhira!"

١٠٥. وَبِالْحَقِّ اَنْزَلْنٰهُ وَبِالْحَقِّ نَزَلَ ۭ وَمَآ اَرْسَلْنٰكَ اِلَّا مُبَشِّرًا وَّنَذِيْرًا ۙ

Wa bil-haqqi anzalnaahu wa bil-haqqi nazal, wamaa arsalnaaka illaa mubasy-syiraw wa nadziiraa.

105. "Lan Ingsun nurunake Quraan iki, kanthi sabenere sarta tumurune uga kalawan anggawa barang bener, lan Ingsun ora angutus sira Muhammad, kajaba dadi juru ambebungah lan dadi juru pangancam".

١٠٦. وَقُرْاٰنًا فَرَقْنٰهُ لِتَقْرَاَهٗ عَلَي النَّاسِ عَلٰي مُكْثٍ وَّنَزَّلْنٰهُ تَنْزِيْلًا ۝

Wa qur-aanan faraqnaahu litaqra-ahuu 'alan naasi 'alaa muktsiw wa nazzalnaahu tanziilaa.

106. Lan Ingsun wus mrinci Quraan supaya sira wacakake marang para manungsa kanthi alon sarta lumintu, lan Ingsun turunake Al Quraan iku saka sak bab-sak bab.

١٠٧. قُلْ اٰمِنُوْا بِهٖٓ اَوْ لَا تُؤْمِنُوْا ۭ اِنَّ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْعِلْمَ مِنْ قَبْلِهٖٓ اِذَا يُتْلٰى عَلَيْهِمْ يَخِرُّوْنَ لِلْاَذْقَانِ سُجَّدًا ۙ

Qul aaminuu bihii aulaa tu'minuu, innal ladziina uutul 'ilma min qablihii idzaa yutlaa 'alaihim yakhirruuna lil adzqaani sujjadaa.

107. Dhawuha sira Muhammad: "Sira kabeh padha gelem iman marang Al Quraan utawa ora padha iman, hiya sakarepira. Satemene wong-wong kang wus diparingi 'ilmu wiwit sadurunge Quraan tumurun, manawa Quraan mau diwacakake marang dheweke, banjur padha njungkel sungkem sarana bathuke karo sujud!

١٠٨. وَّيَقُوْلُوْنَ سُبْحٰنَ رَبِّنَآ اِنْ كَانَ وَعْدُ رَبِّنَا لَمَفْعُوْلًا ۝

Wa yaquuluuna subhaana rabbinaa in kaana wa'du rabbinaa lamaf'uulaa.

108. Lan wong-wong mau padha matur: "Maha Suci Pangeran kita, sayektosipun janjining Pangeran kita punika temtu kalampahan".

109. Lan wong-wong mau padha njungkel sumungkem sujud kalawan nangis, sarta Al Quraan iku muwuhi khusyu'e (tumungkule).

١٠٩ - وَيَخِرُّونَ لِلْأَذْقَانِ يَبْكُونَ وَيَزِيدُهُمْ خُشُوعًا ۝ السجدة

Wa yakhirruuna lil adzqaani yabkuuna wa yaziiduhum khusyuu'aa.

110. Dhawuha sira Muhammad: "Sira ndedongaha marang Allah, Ya Allah, utawa ndedongaha marang kang Maha Murah, Ya Rahman, endi bahe kari milih asma loro iku kang sira anggo ndedonga, satemene kabeh asma kang becik iku kagungaNe Allah". Lan sira aja nyerokake wacanira ana ing Shalatira, nganti kaprungu dening wong Musyrik, uga aja nglirihake nganti ora kaprungu para Sekabatira, lan pilihen antarane sero sarta lirih iku mau.

١١٠ - قُلِ ادْعُوا اللَّهَ أَوِ ادْعُوا الرَّحْمَٰنَ أَيًّا مَّا تَدْعُوا فَلَهُ الْأَسْمَاءُ الْحُسْنَىٰ ۚ وَلَا تَجْهَرْ بِصَلَاتِكَ وَلَا تُخَافِتْ بِهَا وَابْتَغِ بَيْنَ ذَٰلِكَ سَبِيلًا ۝

Qulid'ullaaha awid'ur rahmaan, ayyaman maa tad'uu falahul asmaa-ul husnaa, walaa tajhar bishalaatika walaa tukhaafit bihaa wabtaghi baina dzaalika sabiilaa.

111. Dhawuha sira Muhammad: "Sadaya puji-syukur konjuk ing ngarsa dalem Allah, Pangeran ingkang boten mundhut putra tuwin boten kagungan kanca wonten ing Kratonipun, punapa dene boten wonten ingkang nguwahosi jalaran saking pangina". Lan sira angegungna marang Pangeranira kalawan temen-temen ngegungake!

***)

١١١ - وَقُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي لَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُن لَّهُ شَرِيكٌ فِي الْمُلْكِ وَلَمْ يَكُن لَّهُ وَلِيٌّ مِّنَ الذُّلِّ ع ١٢ وَكَبِّرْهُ تَكْبِيرًا ۝

Wa qulil hamdu lillaahil ladzii lam yattakhidz waladaw walam yakul lahuu syariikun fil mulki walam yakul lahuu waliyyum minadz dzulli wakabbirhu takbiiraa.

***). Comperative study of Quraan, utawi pasinaon tandhingan antawisipun Surat Al Isra' kalayan Surat Al Kahfi, ing antawisipun ingkang wigatos kados makaten:

1. Maos kalimah-thayibah "Subhanallah", utawi kasebat maos tasbih punika dados bubukanipun Surat Al Isra', dene wonten ing Surat Al Kahfi ingkang kangge bubuka maos tahmid utawi "Alhamdulillah". Kekalihipun tahmid lan tasbih punika sering sanget kasambet wonten ing dhawuh-dhawuhing Allah!

2. Para Jumhur Ahli Tafsir anerangaken bilih titiyang Yahudi angajengaken tigang masalah ageng, inggih punika bab Roh (Suksma), bab Ashabul Kahfi, sarta bab sejarahipun Zul Qarnain. Ing surat Al Isra' dipun jawab bab Roh, dene kakalih sanesipun kajawab wonten ing surat Al Kahfi.

3. Ing surat Al Kahfi kacariyosaken sejarah Nabi Khidhir a.s. ingkang dereng dipun mangertosi titiyang Yahudi. Dene wonten ing surat Al Isra' kasebataken makaten: "Sira kabeh ora diparingi ilmu (pangertian) kajaba mung sathithik", dhawuhing Allah punika tumuju sawenehing tiyang Yahudi ingkang angkuh sarta tekebur ing ilmu-pangertosan ingkang dipun mangertosi dening piyambakipun, nyatanipun boten; ilmu punika saya dangu saya tambah kathah ingkang dereng dipun mangertosi! Sabab ilmu punika empiris sarta realistis, tur kedah temata sarana sistimatis! Wallahu'alam!

AL KAHFI (GUWA)

Surat kaping 18 : 110 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 28 lan saka ayat 83 nganti entek-entekane ayat 101 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Al Qashash.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Diancam tumrap wong kang duwe kapercayan manawa Allah iku kagungan putra.

1. Sakabehing puji konjuk ngarsa dalem Allah kang wus nurunake Kitab Quraan marang kawulane lan ing kono ora andamel kitab iku bengkong. 597)

١ - اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْٓ اَنْزَلَ عَلٰى عَبْدِهِ الْكِتٰبَ وَلَمْ يَجْعَلْ لَّهٗ عِوَجًا ۝

Alhamdulillaahil ladzii anzala 'alaa 'abdihil kitaaba walam yaj'al lahuu 'iwajaa.

2. Nanging kitab Quraan iku jejeg, kanggo ngancam marang wong kafir, kanthi siksa kang banget larane saka ngarsaNe Pangeran sarta kanggo ambebungah marang wong-wong Mu'min kang padha tumindak becik yen dheweke padha entuk ganjaran kang becik (Suwarga)

٢ - قَيِّمًا لِّيُنْذِرَ بَاْسًا شَدِيْدًا مِّنْ لَّدُنْهُ وَيُبَشِّرَ الْمُؤْمِنِيْنَ الَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ الصّٰلِحٰتِ اَنَّ لَهُمْ اَجْرًا حَسَنًا ۝

Qayyimal liyundzira ba'san syadiidam milladunhu wa yubasy.yiral mu'miniinal ladziina ya'lamuunash shaalihaati anna lahum ajran hasanaa.

3. Dheweke padha tetep manggon ana ing papan ganjaran iku salawas-lawase!

٣ - مَّاكِثِيْنَ فِيْهِ اَبَدًا ۝

Maakitsiina fiihi abadaa.

4. Lan kanggo pepeling medeni kalawan ancaman siksa marang wong kang angucap: "Allah kagungan putra!"

٤ - وَّيُنْذِرَ الَّذِيْنَ قَالُوا اتَّخَذَ اللّٰهُ وَلَدًا ۝

Wa yundziral ladziina qaalut takhadzallaahu waladaa.

597). Maksudipun ing salebeting Quraan punika boten wonten lapal makna ingkang gegesehan (kosokbalen) lan ugi boten wonten ingkang nyimpang saking kaleresan.

٥ - مَا لَهُمْ بِهٖ مِنْ عِلْمٍ وَّلَا لِاٰبَآئِهِمْ ۭ كَبُرَتْ كَلِمَةً تَخْرُجُ مِنْ اَفْوَاهِهِمْ ۭ اِنْ يَّقُوْلُوْنَ اِلَّا كَذِبًا ۝

5. Wong-wong mau sarta Bapak-Bapakne anggone angucap mangkono iku ora adhedhasar ilmu-pangertian sathithik-thithika; gawat banget ucapan kang kawetu saka lesane, wong-wong mau anggone padha ngucap mangkono iku ora liya kajaba gegorohan!

Maa lahum bihii min 'ilmiw walaa li-aabaa-ihim, kaburat kalimatan takhruju min afwaahihim, iy-yaquuluuna illaa kadzibaa.

٦ - فَلَعَلَّكَ بَاخِعٌ نَّفْسَكَ عَلٰٓى اٰثَارِهِمْ اِنْ لَّمْ يُؤْمِنُوْا بِهٰذَا الْحَدِيْثِ اَسَفًا ۝

6. mBok manawa sira Muhammad ngrusak awakira dhewe jalaran saka anggonira sedhih nalangsa mbok manawa wong-wong mau ora gelem ngandel marang katerangan-ing carita iki (Al-Quraan).

Fala'allaka baakhi'un nafsaka 'alaa aatsaarihim illam yu'minuu bihaadzal hadiitsi asafaa.

٧ - اِنَّا جَعَلْنَا مَا عَلَي الْاَرْضِ زِيْنَةً لَّهَا لِنَبْلُوَهُمْ اَيُّهُمْ اَحْسَنُ عَمَلًا ۝

7. Sanyata anggoningSun anitahake barang kang ana ing Bumi iku perlu kanggo rerengganing Bumi mau, perlu Ingsun nyoba marang wong-wong mau, endi wong-wong mau kang luwih becik ngamal-tindake.

Innaa ja'alnaa 'alal ardhi ziinatal lahaa linabluwahum ayyuhum ahsanu 'amalaa.

٨ - وَاِنَّا لَجٰعِلُوْنَ مَا عَلَيْهَا صَعِيْدًا جُرُزًا ۭ

8. Lan sanyata Ingsun kang bakal andamel rerenggan kang ana ing Bumi mau dadi lemah kang rata ora ana thethukulane.

Wa innaa lajaa'iluuna maa 'alaihaa sha-'iidan juruzaa.

Caritane generasi Ashabul Kahfi.

٩ - اَمْ حَسِبْتَ اَنَّ اَصْحٰبَ الْكَهْفِ وَالرَّقِيْمِ كَانُوْا مِنْ اٰيٰتِنَا عَجَبًا ۝

9. Apa sira ngira manawa Ashabul Kahfi (kang manggon ana ing Guwa), lan kang duwe Raqim (Ukiran-cathetan) 598) iku saweneh tandha yektinIngsun kang anggumunake?

Am hasibta anna ash-haabal kahfi warraqiimi kaanuu min aayaatinaa 'ajabaa.

١٠ - اِذْ اَوَى الْفِتْيَةُ اِلَى الْكَهْفِ فَقَالُوْا رَبَّنَآ اٰتِنَا مِنْ لَّدُنْكَ رَحْمَةً وَّهَيِّئْ لَنَا مِنْ اَمْرِنَا رَشَدًا ۝

10. Caritane Ashabul Kahfi iku mangkene: "Ing nalika para nom-noman iku padha andhelik ana ing Guwa (trima sumingkir sabab dipeksa nyembah brahala), dheweke padha andedonga: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka paring rakhmat dhumateng kawula

598). Saweneh ahli Tafsir anerangaken bilih Raqim artosipun nami segawonipun para Mudha Ashabul Kahfi ingkang ngungsi ing Guwa.

saking ngarsa Paduka, saha mugi nggampilna dhateng perkawis kawula, ingkang anjalari kawula pikantuk pitedah".

Idz awal fityatu ilal kahfi faqaaluu rabbanaa aatinaa milladunka rahmataw wa hayyi' lanaa min amrinaa rasyadaa.

11. Para nom-noman mau banjur Ingsun tutupi pangrungune (turokake) ana ing Guwa kono pirang-pirang tahun lawase!

١١ ـ فَضَرَبْنَا عَلَىٰٓ اٰذَانِهِمْ فِي الْكَهْفِ سِنِيْنَ عَدَدًا ۙ ۝

Fadharabnaa 'alaa aadzaanihim fil kahfi siniina 'adadaa.

12. Nuli para nom-noman mau Ingsun tangekake, saperlu Ingsun Nguningani kalawan cetha gumelar, endi antarane golongan loro mau kang luwih mangerti etunganing mangsa anggone manggon ana ing Guwa iku. Amrih genah kang padha padudon ing perkara iku.

١٢ ـ ثُمَّ بَعَثْنٰهُمْ لِنَعْلَمَ اَيُّ الْحِزْبَيْنِ اَحْصٰى لِمَا لَبِثُوْٓا اَمَدًا ۝

Tsumma ba'atsnaahum lina'lama ayyul hizbaini ahshaa limaa labitsuu amadaa.

13. Ingsun nyaritakake marang sira Muhammad, caritane Ashabul Kahfi kalawan bener (Quraan), satemene dheweke iku para nom-noman generasi kang iman marang PangeraNe, lan para nom-noman mau Ingsun wuwuhi pituduh bener!

١٣ ـ نَحْنُ نَقُصُّ عَلَيْكَ نَبَاَهُمْ بِالْحَقِّ ۭ اِنَّهُمْ فِتْيَةٌ اٰمَنُوْا بِرَبِّهِمْ وَزِدْنٰهُمْ هُدًى ۝

Nahnu naqushshu 'alaika naba-ahum bil-haqq, innahum fityatun aamanuu birabbihim wa zidnaahum hudaa.

14. Lan atine para nom-noman mau Ingsun kuwatake nalika padha ngadeg, ana sangarepe Raja Dzaqiyanus, para nom-noman mau nuli matur: "Pangeran kula punika Pangeraning Langit lan Bumi, kula sami boten nyembah Pangeran, kajawi namung Panjenenganipun Allah, sabab manawi kula sami boten matur makaten sayektos kula sami sampun ngaturaken gegorohan dhumateng Allah.

١٤ ـ وَّرَبَطْنَا عَلٰي قُلُوْبِهِمْ اِذْ قَامُوْا فَقَالُوْا رَبُّنَا رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ لَنْ نَّدْعُوَا مِنْ دُوْنِهٖٓ اِلٰهًا لَّقَدْ قُلْنَآ اِذًا شَطَطًا ۝

Wa rabathnaa 'alaa quluubihim idz qaamuu faqaaluu rabbunaa rabbus samaawaati wal ardha lan nad'uwa min duunihii ilaahan laqad qulnaa sathathaa.

15. Punika kaum kula ingkang sampun sami nyembah Pangeran sanesipun Allah, kenging punapa tetiyang wau anggenipun sami nyembah brahala teka boten saged andhatengaken hujjah (wewaton) ingkang pertela? Sinten ta ingkang langkung nganiaya ngungkuli tetiyang ingkang damel gegorohan dhumateng Allah?

١٥ ـ هٰٓؤُلَاۗءِ قَوْمُنَا اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِهٖٓ اٰلِهَةً ۭ لَوْلَا يَاْتُوْنَ عَلَيْهِمْ بِسُلْطٰنٍۢ بَيِّنٍ ۭ فَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَي اللّٰهِ كَذِبًا ۝

Haa-ulaa-i qaumunat takhadzuu min duunihii aalihah, laulaa ya'tuuna 'alaihim bisulthaanim bayyin, faman azhlamu minnanif-taraa 'alallaahi kadzibaa.

16. Pangucape saweneh marang liyane: "Manawa sira wus ninggal wong-wong musyrik mau sarta brahala kang disembah saliyane Allah, banjur andhelika menyang Guwa kae, yekti Pangeranira bakal maringake rakhmate marang sira, lan bakal anggampangake dalaning perkara kang sira manfa'atake kanggo kaperluanira. 599)

١٦ - وَإِذِ اعْتَزَلْتُمُوهُمْ وَمَا يَعْبُدُونَ إِلَّا اللَّهَ فَأْوُوا إِلَى الْكَهْفِ يَنْشُرْ لَكُمْ رَبُّكُمْ مِنْ رَحْمَتِهِ وَيُهَيِّئْ لَكُمْ مِنْ أَمْرِكُمْ مِرْفَقًا ○

Wa-idzi'tazaltumuuhum wamaa ya'buduuna illallaaha fa'wuu ilal kahfi yansyur lakum rabbukum mir rahmatihii wa yuhayyi' lakum min amrikum mirtaqaa.

17. Lan sira sumurup Srengenge nalika mlethek, miring saka Guwane, ing sisih tengen, lan nalika surup ninggalake para nom-noman mau ing sisih kiwa, sabab esuk sore ora kasorotan Srengenge, ing mangka para nom-noman mau ana ing panggonan kang amba; kang mangkono mau sawenehe tandha yekti panguwasaning Allah, sing sapa dituduhake dening Allah, mangka hiya dheweke iku kang oleh pituduh, dene sapa disasarake, ora pisan-pisan sira bisa oleh panulung kang aweh pituduh.

١٧ - وَتَرَى الشَّمْسَ إِذَا طَلَعَتْ تَزَاوَرُ عَنْ كَهْفِهِمْ ذَاتَ الْيَمِينِ وَإِذَا غَرَبَتْ تَقْرِضُهُمْ ذَاتَ الشِّمَالِ وَهُمْ فِي فَجْوَةٍ مِنْهُ ذَٰلِكَ مِنْ آيَاتِ اللَّهِ مَنْ يَهْدِ اللَّهُ فَهُوَ الْمُهْتَدِ وَمَنْ يُضْلِلْ فَلَنْ تَجِدَ لَهُ وَلِيًّا مُرْشِدًا ○ ع ١٢

Wa tarasy syamsa idzaa thala'at tazaawaru 'an kahfihim dzaatal yamiini wa idzaa gharabat taqridhuhum dzaatasy syimaali wahum fii fajwatim minhu dzaalika min aayaatillaah, may yahdil laahu wahuwal muhtadi wamay yudhlil falan tajida lahuu waliyyam mursyidaa.

18. Lan sira ngira para nom-noman mau padha melek, ananging sajatine padha turu, lan para nom-noman mau Ingsun wolak walik ngiwa lan nengen, dene asune para nom-noman mau selonjor ana ing ngareping Guwa. Manawa sira andeleng para nom-noman mau yekti sira mesthi ambalik mlayu, sarta atinira kebak wedi temenan marang dheweke.

١٨ - وَتَحْسَبُهُمْ أَيْقَاظًا وَهُمْ رُقُودٌ وَنُقَلِّبُهُمْ ذَاتَ الْيَمِينِ وَذَاتَ الشِّمَالِ وَكَلْبُهُمْ بَاسِطٌ ذِرَاعَيْهِ بِالْوَصِيدِ لَوِ اطَّلَعْتَ عَلَيْهِمْ لَوَلَّيْتَ مِنْهُمْ فِرَارًا وَلَمُلِئْتَ مِنْهُمْ رُعْبًا ○

Wa tahsabuhum aiqaazhaw wahum ruquud, wa nuqallibuhum dzaatal yamiini wa dzaatasy syimaal, wa kalbuhum baasithun dziraa'aihi bil washiid, lawith thala'ta 'alaihim lawallaita minhum firaaraw walamuli'ta minhum ru'baa.

19. Mangkono uga sawuse Ingsun nurokake para nom-noman mau samono suwene, Ingsun nuli nangekake dheweke, supaya padha takon-tinakon marang kancane. Sa-

١٩ - وَكَذَٰلِكَ بَعَثْنَاهُمْ لِيَتَسَاءَلُوا بَيْنَهُمْ قَالَ قَائِلٌ مِنْهُمْ كَمْ لَبِثْتُمْ قَالُوا لَبِثْنَا يَوْمًا أَوْ بَعْضَ يَوْمٍ

599). Wawancara ing antawisipun para Mudha wau sabab Gusti Allah paring ilham, makaten Jumhur Mufassirin.

weneh nom-noman mau ana kang takon: "Sapira suwene sira manggon ing Guwa kene?" Wangsulane: "Aku manggon ing kene sadina, utawa satengah dina!" Para nom-noman mau ngucap: "Pangeranira kang luwih Nguningani sapira suwene sira manggon ing kene, saiki sira akona salah sijinira, klawan anggawa dhuwit salaka iki menyang Negara, supaya dheweke andeleng ing Negara kono, golek pangan endi kang luwih resik, banjur dheweke supaya anggawa rezeki marang sira, saka panggonan mau. Lan dheweke ana ing dalan, lan ana ing Negara mau kudu sing ngati-ati andhap asor, lan poma dipoma aja nganti ana sing ngonangi ngerti ing sira.*)

قَالُوْا رَبُّكُمْ اَعْلَمُ بِمَا لَبِثْتُمْ ۖ فَابْعَثُوْٓا اَحَدَكُمْ
بِوَرِقِكُمْ هٰذِهٖٓ اِلَى الْمَدِيْنَةِ فَلْيَنْظُرْ اَيُّهَآ اَزْكٰى
طَعَامًا فَلْيَاْتِكُمْ بِرِزْقٍ مِّنْهُ وَلْيَتَلَطَّفْ
وَلَا يُشْعِرَنَّ بِكُمْ اَحَدًا ۝

Wa kadzaalika ba'atsnaahum liyatasaa-aluu bainahum, qaala qaa-ilum minhum kam labitstum, qaaluu labitsnaa yauman au ba'dha yauum, qaaluu rabbukum a'lamu bimaa labitstum, fab'atsuu ahadakum biwariqikum haadzihii ilal madiinati falyanzhur ayyuhaa azkaa tha'aaman falya'tikum birizqim minhu walyatalaththaf walaa yusy'iranna bikum ahadaa.

20. Jalaran yen dheweke nganti padha ngonangi ing sira, yekti sira bakal diranjam, utawa ambalekake ing sira marang Agamane Raja Dzaqiyanus, dene manawa sira nganti bali kafir ing Agamane, yekti sira ora bakal nemoni begja salawase.

٢٠. اِنَّهُمْ اِنْ يَّظْهَرُوْا عَلَيْكُمْ يَرْجُمُوْكُمْ اَوْ يُعِيْدُوْكُمْ
فِيْ مِلَّتِهِمْ وَلَنْ تُفْلِحُوْٓا اِذًا اَبَدًا ۝

Innahum iy yazhharuu 'alaikum yarjumuukum au yu'iidukum fii millatihim walan tuflihuu idzan abadaa.

21. Mangkono uga Ingsun ngatonake kahanane nom-noman mau marang wong akeh, 600) supaya wong-wong ing Negara kono padha mangerti yen janjine Allah iku nyata, lan supaya padha mangerti yen dina Qiyamat iku ora mamang maneh mesthi bakal kalakon. (Disumurupake marang para manungsa kahanane Ashabul Kahfi) ing nalikane dheweke padha padudon perkara urusane para nom-noman iku, wong-wong kafir padha ngucap: "Sira padha mbanguna gedhong ana ngareping Guwane" Pangeran luwih pirsa marang perkaraning dheweke. Wong-wong kang menang rembuge perkara iku padha ngucap: "Sanyata Ingsun mesthi ambangun adeging Masjid sawijining gedhong Pangibadah ana ing lawanging Guwa".

٢١. وَكَذٰلِكَ اَعْثَرْنَا عَلَيْهِمْ لِيَعْلَمُوْٓا اَنَّ وَعْدَ اللّٰهِ
حَقٌّ وَّاَنَّ السَّاعَةَ لَا رَيْبَ فِيْهَا ۚ اِذْ يَتَنَازَعُوْنَ
بَيْنَهُمْ اَمْرَهُمْ فَقَالُوا ابْنُوْا عَلَيْهِمْ بُنْيَانًا ۗ رَبُّهُمْ
اَعْلَمُ بِهِمْ ۗ قَالَ الَّذِيْنَ غَلَبُوْا عَلٰٓى اَمْرِهِمْ لَنَتَّخِذَنَّ
عَلَيْهِمْ مَّسْجِدًا ۝

Wa kadzaalika a'tsarnaa 'alaihim liya'lamuu anna wa'dallaahi haqquw wa annas saa'ata laa raiba fiihaa, idz yatanaaza'uuna bainahum amruhum faqaalubnuu 'alaihim bun-yaanaa, rabbuhum a'lamu bihim, qaalal ladziina ghalabuu 'alaa amrihim lanattakhidzanna 'alaihim masjidaa.

*). Wonten ing surat Al-Kahfi ayat: 19 lafaz "walyatalaththaf" kaserat ageng punika tenger Tengahing Al-Quraan (Nishful Quraan).

600). Inggih punika badhe kadadosanipun Qiyamat ingkang gawat kaliwat-liwat, sadaya ingkang sampun pejah katangekaken gesang malih raga lan jiwanipun kados tumitahipun rumiyin; dados boten leres namung gesang rohipun thok tanpa raga (wadhak).

٢٢. سَيَقُوْلُوْنَ ثَلٰثَةٌ رَّابِعُهُمْ كَلْبُهُمْ ۚ وَيَقُوْلُوْنَ
خَمْسَةٌ سَادِسُهُمْ كَلْبُهُمْ رَجْمًا بِالْغَيْبِ ۚ وَ
يَقُوْلُوْنَ سَبْعَةٌ وَّثَامِنُهُمْ كَلْبُهُمْ ۭ قُلْ رَّبِّيْٓ اَعْلَمُ
بِعِدَّتِهِمْ مَّا يَعْلَمُهُمْ اِلَّا قَلِيْلٌ ۣ فَلَا تُمَارِ
فِيْهِمْ اِلَّا مِرَاۗءً ظَاهِرًا ۠ وَّلَا تَسْتَفْتِ فِيْهِمْ
مِّنْهُمْ اَحَدًا ۝ ع ١٥

22. Saweneh wong kang padha padudon mau bakal ngucap: "Cacahe nom-noman Ashabul Kahfi iku telu, papat kalawan asune". Sawenehe maneh ngucap: ..Lima, nenem kalawan asune", pangucape iku mung ngawur tanpa wewaton. "Sawenehe maneh angucap: "Pitu, wolu kalawan asune". Dhawuha sira Muhammad: "Pangeranku kang luwih Nguningani cacahe, ora ana kang sumurup cacah kang sabenere kajaba mung sathithik". Jalaran saka iku, poma dipoma sira kabeh aja padha padudon perkara akehe nom-noman Ashabul Kahfi, kajaba padudon kang nyata katerangane saka Quraan lan poma sira aja nakokake salah sijining wong-wong mau bab kehe nom-noman Ashabul Kahfi.

Sayaquuluuna tsalaatsatur raabi'uhum kalbuhum, wa yaquuluuna khamsatun saadisuhum kalbuhum rajmam bil ghaiib, wa yaquuluuna sab'atuw wa tsaaminuhum kalbuhum, qur rabbii a'lamu bi-'iddatihim maa ya'lamuhum illaa qaliil, falaa tumaari fiihim illaa miraa-an zhaahiraw walaa tastafti fiihim minhum ahadaa.

٢٣. وَلَا تَقُوْلَنَّ لِشَايْءٍ اِنِّيْ فَاعِلٌ ذٰلِكَ غَدًا ۝

23. Lan poma dipoma Muhammad, sawuse neja arep nglakoni sawijining perkara, aja ngucap: "Satemene aku nindakake perkara iku sesuk!"

Walaa taquulanna lisyai-in innii faa'ilun dzaalika ghadaa.

٢٤. اِلَّآ اَنْ يَّشَاۗءَ اللّٰهُ ۡ وَاذْكُرْ رَّبَّكَ اِذَا نَسِيْتَ وَقُلْ
عَسٰٓى اَنْ يَّهْدِيَنِ رَبِّيْ لِاَقْرَبَ مِنْ هٰذَا رَشَدًا ۝

24. Kajaba nyebuta: "Insya Allah", yen diparengake dening Allah, 601) lan manawa sira lali, elinga marang Pangeranira, sarta nyuwuna sira: "Muga-muga Pangeranku nuduhake aku marang 'ilmu kang luwih cedhak kabenerane sarta kanyatakane tinimbang iki".

Illaa ay yasyaa-allaahu wadzkur rabbaka idzaa nasiita waqul 'asaa ay yahdiyani rabbii li-aqraba min haadzaa rasyadaa.

٢٥. وَلَبِثُوْا فِيْ كَهْفِهِمْ ثَلٰثَ مِاۗئَةٍ سِنِيْنَ وَ
ازْدَادُوْا تِسْعًا ۝

25. Lan para nom-noman mau anggone manggon ana ing Guwane telung atus tahun, ditambah maneh sangang tahun lawase.

Walabitsuu fii kahfihim tsalaatsa mi-atin siniina wazdaaduu tis'aa.

601). **Saking sumbering riwayat, satunggaling wekdal titiyang Quraisy pitaken dhateng Kanjeng Nabi s.a.w. perkawis roh, sejarahipun para nem-neman Ashabul Kahfi, sarta riwayatipun Dzul Qurnain, panjenenganipun jawab supados dhateng benjing enjang, lan Nabi s.a.w. boten ngucapaken "Insya Allah". Saestu dinten ingkang kajanjekaken Wahyu kasep dhatengipun, dumadakan lajeng tumurun Wahyu ayat no 24 kasebat, saperlu paring pepenget dhateng sliranipun Rasulullah s.a.w. manawi janji semadosan, sampun ngantos kesupen enggal mahos "Insya Allah".**

٢٦ - قُلِ اللّٰهُ اَعْلَمُ بِمَا لَبِثُوْا لَهٗ غَيْبُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ اَبْصِرْ بِهٖ وَاَسْمِعْ مَا لَهُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا يُشْرِكُ فِيْ حُكْمِهٖٓ اَحَدًا ۝

Qulillaahu a'lamu bimaa labitsuu, lahuu ghaibus samaawaati wal ardh, abshir bihii wa asmi', maa lahum min duunihii miw waliyyiw walaa yusyrik fii hukmihii ahadaa.

26. Dhawuha sira Muhammad: "Allah kang luwih Nguningani lawase anggone padha manggon ana ing Guwa, kagunganing Allah ghaibing Langit lan Bumi. Wah! Terange paningal lan pamiarsaNe, para nomnoman mau ora padha duwe panulung saliyane Allah, lan ora ana siji-sijia kang nyakuthoni PanjenengaNe ana ing bab mutusake hukum".

Dielikake kalawan alus tumrap Nabi s.a.w. aja mung mentingake da'wah kanggo panggedhe bae.

٢٧ - وَاتْلُ مَآ اُوْحِيَ اِلَيْكَ مِنْ كِتَابِ رَبِّكَ ۚ لَا مُبَدِّلَ لِكَلِمٰتِهٖ ۚ وَلَنْ تَجِدَ مِنْ دُوْنِهٖ مُلْتَحَدًا ۝

Watlu maa uuhiya ilaika min kitaabi rabbik, laa mubaddila likalimaatih, walan tajida min duunihii multahadaa.

27. Sira macaa he Muhammad, apa kang wus Ingsun wahyokake marang sira, saka Kitabe Pangeranira. Ora ana wong siji-sijia kang bisa ngowahi Kalimahing Allah, Quraan, lan sira ora padha bisa oleh pangungsen saliyane marang PanjenengaNe.

٢٨ - وَاصْبِرْ نَفْسَكَ مَعَ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ رَبَّهُمْ بِالْغَدٰوةِ وَالْعَشِيِّ يُرِيْدُوْنَ وَجْهَهٗ ۚ وَلَا تَعْدُ عَيْنٰكَ عَنْهُمْ ۚ تُرِيْدُ زِيْنَةَ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَلَا تُطِعْ مَنْ اَغْفَلْنَا قَلْبَهٗ عَنْ ذِكْرِنَا وَاتَّبَعَ هَوٰىهُ وَكَانَ اَمْرُهٗ فُرُطًا ۝

Washbir nafsaka ma'al ladziina yad-'uuna rabbahum bil-ghadaawati wal 'asyiyyi yuriiduuna wajhahuu walaa ta'du 'ainaaka 'anhum, turiidu ziinatal hayaatid dun-yaa, walaa tuthi' man aghfalnaa qalbahuu 'an dzikrinaa wattaba'a hawaahu wa kaana amruhuu furuthaa.

28. Lan nyabarna awakira bebarengan karo wong kang padha nindakake 'ibadah marang Pangeranira ing wayah esuk, lan sore, sarta ngarep-arep karidlaning Pangerane. Lan sira aja mencengake mripatira mung nyawang wong-wong mau, jalaran sira ngarepake pepaes panguripan Donya. Lan poma dipoma sira aja manut marang wong kang atine Ingsun gawe lali, ora eling marang Ingsun, lan mung manut hawa nafsune, sarta perkarane wong-wong mau ngliwati wates.

٢٩ - وَقُلِ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّكُمْ ۫ فَمَنْ شَآءَ فَلْيُؤْمِنْ وَّمَنْ شَآءَ فَلْيَكْفُرْ ۚ اِنَّآ اَعْتَدْنَا لِلظّٰلِمِيْنَ نَارًا ۙ اَحَاطَ بِهِمْ سُرَادِقُهَا ۚ وَاِنْ يَّسْتَغِيْثُوْا يُغَاثُوْا بِمَآءٍ كَالْمُهْلِ يَشْوِي الْوُجُوْهَ ۚ بِئْسَ الشَّرَابُ ۚ وَسَآءَتْ مُرْتَفَقًا ۝

29. Lan dhawuha sira Muhammad: "Perkara kang bener iku saka ngarsane Pangeranira, sapa bae sing karep iman, hiya imana, lan sapa bae sing karep kafir, hiya kafira!" Satemene Ingsun wus nyawisake Neraka tumrap wong-wong kang nganiaya, kang pagering kemahe nglimputi wong-wong mau. Dene manawa dheweke padha anjaluk ngombe jalaran banget ngelake, banjur ditulung nganggo banyu kang kenthel kaya

jelantah kang anggosongake rahi-rahi; saala-alaning omben-omben, lan saala-alaning panggonan.

Wa qulil-haqqu mir rabbikum, faman syaa-a falyu'miw waman syaa-a falyakfur, innaa a'tadnaa lizhzhaalimiina naaran ahaatha bihim suraadiquhaa, waiy yastaghiitsuu yughaatsuu bimaa-in kalmuhli yasywil wujuuh, bi'sasy syaraab wa saa-at murtafaqaa.

30. Sanyata wong-wong kang padha iman, sarta nindakake 'amal shaleh, yekti Ingsun ora ngilang-ilangake ganjarane wong kang 'amale luwih becik.

٣٠- إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ إِنَّا لَا نُضِيعُ أَجْرَ مَنْ أَحْسَنَ عَمَلًا ۝

Innalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati innaa laa nudhii'u ajra man ahsana 'amalaa.

31. Wong-wong mau padha anduweni Suwarga 'Adn panggonan tetep salawase. Kang ing ngisore wong-wong mau ana kaline mili. Ana ing kono wong-wong mau padha dipaesi nganggo gelang saka emas, lan nganggo sandhangan iju royo-royo saka sutra tipis, lan sutra kandel; wong-wong mau padha suka-suka leyeh-leyeh ana ing kanthil. Suwarga iku becik-beciking ganjaran lan becik-beciking panggonan istirahat.

٣١- أُولَٰئِكَ لَهُمْ جَنَّاتُ عَدْنٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهِمُ الْأَنْهَارُ يُحَلَّوْنَ فِيهَا مِنْ أَسَاوِرَ مِنْ ذَهَبٍ وَيَلْبَسُونَ ثِيَابًا خُضْرًا مِنْ سُنْدُسٍ وَإِسْتَبْرَقٍ مُتَّكِئِينَ فِيهَا عَلَى الْأَرَائِكِ نِعْمَ الثَّوَابُ وَحَسُنَتْ مُرْتَفَقًا ۝

Ulaa-ika lahum jannaatu 'adnin tajrii min tahtihimul anhaaru yuhallauna fiihaa min asaawira min dzahabiw wa yalbasuuna tsiyaaban khudhram min sundusiw wa istabraqim muttaki-iina fiihaa 'alal araa-ik, ni'mats tsawaab, wa hasunat murtafaqaa.

Sanepa tumrap wong kang kasengsem lan kapusan dening Kadonyan.

32. Lan sira nerangna Muhammad, marang wong kang kafir lan kang iman, sanepane wong lanang loro, 602) kang siji kafir sijine iman; kang kafir Ingsun paringi kebon anggur cacahe loro. Kebon loro mau Ingsun kubengi kalawan wit kurma, sarta Ingsun wus andadekake tanduran ana ing antarane kebon loro mau.

٣٢- وَاضْرِبْ لَهُمْ مَثَلًا رَجُلَيْنِ جَعَلْنَا لِأَحَدِهِمَا جَنَّتَيْنِ مِنْ أَعْنَابٍ وَحَفَفْنَاهُمَا بِنَخْلٍ وَجَعَلْنَا بَيْنَهُمَا زَرْعًا ۝

Wadhrib lahum matsalar rajulaini ja'alnaa li-ahadihimaa jannataini min a'naabiw wahafafnaahumaa binakhliw wa ja'alnaa bainahumaa zar'aa.

33. Kebon loro iku saben tahun ngetokake wulu wetu woh-wohane kang ora kekurangan sawiji apa, lan Ingsun ngilekake kali ana ing selo-selaning kebon loro mau.

٣٣- كِلْتَا الْجَنَّتَيْنِ آتَتْ أُكُلَهَا وَلَمْ تَظْلِمْ مِنْهُ شَيْئًا وَفَجَّرْنَا خِلَالَهُمَا نَهَرًا ۝

602). Ingkang dipun maksud tiyang Yahudi kalih, satunggal Mu'min sanesipun kafir.

Kiltal jannataini aatat ukulahaa walam tazhlim minhu syai-aa, wa fajjarnaa khilaalahumaa naharaa.

34. Lan dheweke isih nduwe maneh kasugihan liyane, dheweke banjur ngucap marang sadulure kang Mu'min sing diajak rerasan: "Aku luwih akeh bandhane tinimbang kowe, lan pembantu-pembantuku ya luwih kuat".

٣٤. وَكَانَ لَهُ ثَمَرٌ فَقَالَ لِصَاحِبِهِ وَهُوَ يُحَاوِرُهُ أَنَا أَكْثَرُ مِنْكَ مَالًا وَأَعَزُّ نَفَرًا ۝

Wa kaana lahuu tsamarun faqaala lishaahibihii wahuwa yuhaawiruhuu ana aktsaru minka maalaw wa a'azzu nafaraa.

35. Lan dheweke banjur ngajak sadulure lumebu ngubengi kebone, sarta dheweke katon gumedhe nganiaya marang awake dhewe kalawan kekafiran, pangucape: "Dak kira kebon iki ora bakal rusak salawase.

٣٥. وَدَخَلَ جَنَّتَهُ وَهُوَ ظَالِمٌ لِنَفْسِهِ قَالَ مَا أَظُنُّ أَنْ تَبِيدَ هَٰذِهِ أَبَدًا ۝

Wadakhala jannatahuu wahuwa zhaalimul linafsihi, qaala maa azhunnu an tabiida haadzihii abadaa.

36. Lan aku ora ngira yen dina Qiyamat iku bakal kelakon, lan aku ora yakin manawa aku dibalekake sowan marang ngarsaning Pangeranku, kaya pangiramu, yekti aku bakal oleh panggonan bali kang luwih becik tinimbang kebon iki".

٣٦. وَمَا أَظُنُّ السَّاعَةَ قَائِمَةً وَلَئِنْ رُدِدْتُ إِلَىٰ رَبِّي لَأَجِدَنَّ خَيْرًا مِنْهَا مُنْقَلَبًا ۝

Wamaa azhunnus saa'ata qaa-imataw wala-ir rudid-tu ilaa rabbii la-ajidanna khairam minhaa munqalabaa.

37. Sadulure kang Mu'min ngucap semu ambantah marang dheweke: "Apa sira kafir marang Pangeran kang wus nitahake sira saka lemah, nuli saka mani, nuli PanjenengaNe ndamel sira dadi wong lanang sampurna?

٣٧. قَالَ لَهُ صَاحِبُهُ وَهُوَ يُحَاوِرُهُ أَكَفَرْتَ بِالَّذِي خَلَقَكَ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُطْفَةٍ ثُمَّ سَوَّاكَ رَجُلًا ۝

Qaala lahuu shaahibuhuu wahuwa yuhaawiruhuu akafarta billadzii khalaqaka min turaabin tsumma min nuthfatin tsumma sawwaaka rajulaa.

38. Dene aku, percaya manawa PanjenengaNe Allah iku Pangeranku, sarta aku ora nyakuthokake marang Pangeranku sawiji bae!

٣٨. لَٰكِنَّا هُوَ اللَّهُ رَبِّي وَلَا أُشْرِكُ بِرَبِّي أَحَدًا ۝

Laakinnaa huwallaahu rabbii walaa usyriku birabbii ahadaa.

39. Kena apa nalika sira mlebu ing kebonira kok ora nyebut: "Kabeh perkara kadadeyane mung gumantung saka karsaNe Allah, ora ana kekuwatan kajaba kalawan pitulungaNe Allah? Manawa sira anggep aku luwih sathithik kasugihan lan anake tinimbang sira".

٣٩ - وَلَوْلَآ إِذْ دَخَلْتَ جَنَّتَكَ قُلْتَ مَا شَآءَ ٱللَّهُ لَا قُوَّةَ إِلَّا بِٱللَّهِ ۚ إِن تَرَنِ أَنَا۠ أَقَلَّ مِنكَ مَالًا وَوَلَدًا ۝

Walau laa idz dakhalta jannataka qulta maasyaa-allaahu laa quwwata illaa billaah, in tarani ana aqalla minka maalaw wawaladaa.

40. "Muga-muga bahe Pangeranku ing mengko karsa paring marang aku kang luwih becik tinimbang kebonira saiki, lan bisa uga PanjenengaNe anurunake wewalak saka Langit, kanggo ngrusak kebon iku, banjur dadi gundhul kebon iku, rata ora ana thethukulane.

٤٠ - فَعَسَىٰ رَبِّىٓ أَن يُؤْتِيَنِ خَيْرًا مِّن جَنَّتِكَ وَيُرْسِلَ عَلَيْهَا حُسْبَانًا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ فَتُصْبِحَ صَعِيدًا زَلَقًا ۝

Fa'asaa rabbii ay yu'tiyani khairam min jannatika wayursila 'alaihaa husbaanam minas-samaa-i fatushbiha sha'iidan zallafaa.

41. "Utawa banyune kebon iku dadi asat, sira nuli ora bisa golek banyu kanggo ngelebi".

٤١ - أَوْ يُصْبِحَ مَآؤُهَا غَوْرًا فَلَن تَسْتَطِيعَ لَهُۥ طَلَبًا ۝

Au yushbiha maa-uhaa ghauran falan tastathii'a lahuu thalabaa.

42. Lan kabeh woh-wohan sirna gempang, dheweke banjur ngremet-ngremet tangane saka banget getune, jalaran ora sathithik weragad kang diwetokake kanggo uba-rampe kebon iku, ing mangka kebon mau saiki dadi rusak, runtuh kabeh tratag-tratage, lan dheweke ngucap nelangsa: "Adhuh, saupama aku ora nyakuthokake sawiji-wiji marang Pangeranku, ora kaya mangkene kadadeyanku!"

٤٢ - وَأُحِيطَ بِثَمَرِهِۦ فَأَصْبَحَ يُقَلِّبُ كَفَّيْهِ عَلَىٰ مَآ أَنفَقَ فِيهَا وَهِىَ خَاوِيَةٌ عَلَىٰ عُرُوشِهَا وَيَقُولُ يَٰلَيْتَنِى لَمْ أُشْرِكْ بِرَبِّىٓ أَحَدًا ۝

Wa uhiitha bitsamarihii fa-ashbaha yuqallibu kaffaihi 'alaa maa anfaqa fiihaa wahiya khaawiyatun 'alaa 'uruusyihaa wa yaquulu yaa laitanii lam usyrik birabbii ahadaa.

43. Lan ora ana tumrap dheweke golongan kang bisa nulungi saliyane Allah, lan dheweke ora bisa ambelani awake nyegah saka siksaNe Allah.

٤٣ - وَلَمْ تَكُن لَّهُۥ فِئَةٌ يَنصُرُونَهُۥ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَمَا كَانَ مُنتَصِرًا ۝

Walam takul lahuu fi-atuy yanshuruunahuu min duunil laahi wamaa kaana muntashiraa.

٤٤- هُنَالِكَ الْوَلَايَةُ لِلّٰهِ الْحَقِّ ۚ هُوَ خَيْرٌ ثَوَابًا وَّ خَيْرٌ عُقْبًا ۝

Hunaalikal walaayatu lillaahil haqq, huwa khairun tsawaabaw wa khairun 'uqbaa.

44. Ana ing mangsa kang mangkono iku, anane pitulung mung kagunganing Allah iku nyata, PanjenengaNe kang luwih becik ganjaraNe marang wong kang bekti, sarta kang luwih becik piwalese.

٤٥- وَاضْرِبْ لَهُمْ مَّثَلَ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا كَمَآءٍ اَنْزَلْنٰهُ مِنَ السَّمَآءِ فَاخْتَلَطَ بِهٖ نَبَاتُ الْاَرْضِ فَاَصْبَحَ هَشِيْمًا تَذْرُوْهُ الرِّيٰحُ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ مُّقْتَدِرًا ۝

Wadhrib lahum matsalal hayaatid dunyaa kamaa-in anzalnaahu minas-samaa-i fakhtalatha bihii nabaatul ardhi fa-ashbaha hasyiiman tadzruuhur riyaah, wa kaanallaahu 'alaa kulli syai-im muqtadiraa.

45. Lan sira Muhammad, nerangna marang ummatira, mungguh sanepane panguripan Donya iku kaya dene banyu kang wus Ingsun turunake saka Langit, kalawan banyu iku nuli metu thethukulaning Bumi kang campur saweneh karo sawenehe; sawuse godhonge ijo banjur dadi garing, kabur katiyup ing angin, lan Allah iku kang kuwasa marang sakabehing perkara!

٤٦- اَلْمَالُ وَالْبَنُوْنَ زِيْنَةُ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَالْبٰقِيٰتُ الصّٰلِحٰتُ خَيْرٌ عِنْدَ رَبِّكَ ثَوَابًا وَّخَيْرٌ اَمَلًا ۝

Almaalu wal-banuuna ziinatul hayaatid dun-yaa wal-baaqiyaatush shaalihaatu khairun 'inda rabbika tsawaabaw wa khairun amalaa.

46. Bandha lan anak iku pepaesing panguripan Donya, ananging kabeh 'amal becik iku kang tetep, sarta luwih becik piwalese ganjaran mungguhing Pangeranira, lan sabecik-becike panjangka kang diarep-arep dening manungsa.

Warna-warnaning kahanan ing dina Qiyamat.

٤٧- وَيَوْمَ نُسَيِّرُ الْجِبَالَ وَتَرَى الْاَرْضَ بَارِزَةً ۙ وَّحَشَرْنٰهُمْ فَلَمْ نُغَادِرْ مِنْهُمْ اَحَدًا ۚ ۝

Wa yauma nusayyirul jibaala wa taral-ardha baarizataw wa hasyarnaahum falam nughaadir minhum ahadaa.

47. Lan sira Muhammad, nerangna ing dinane Ingsun nglakokake Gunung, lan sira bakal sumurup Bumi iku gundhul, ora ana kekayone lan gedhong-gedhonge, sarta ana ing dina iku Ingsun nglumpukake kabeh mahkluk, mangka ora ana siji wahe dheweke kang Ingsun ngengeh.

٤٨- وَعُرِضُوْا عَلٰى رَبِّكَ صَفًّا ۭ لَقَدْ جِئْتُمُوْنَا كَمَا خَلَقْنٰكُمْ اَوَّلَ مَرَّةٍ ۭ بَلْ زَعَمْتُمْ اَلَّنْ نَّجْعَلَ لَكُمْ مَّوْعِدًا ۝

48. Lan wong-wong mau padha disowanake marang ngarsaning PangeraNe kalawan baris, lan didhawuhake marang dheweke: "Satemene sira wus sowan marang ngarsan-Ingsun kaya dene kahananira nalika Ingsun nitahake sira kabeh ing sakawit, ora sandhang, ora bandha, ora anak, malah sira

ngira manawa Ingsun ora andamel sawijining waktu parjanjiyan ditangekake saka kubur kanggo ngumpulake sira kabeh".

Wa 'uridhuu 'alaa rabbika shaffaa, laqad ji'tumuunaa kamaa khalaqnaakum awwala marratin bal za'amtum allan naj'ala lakum mau'idaa.

٤٩ - وَوُضِعَ الْكِتٰبُ فَتَرَى الْمُجْرِمِيْنَ مُشْفِقِيْنَ مِمَّا
فِيْهِ وَيَقُوْلُوْنَ يٰوَيْلَتَنَا مَالِ هٰذَا الْكِتٰبِ لَا يُغَادِرُ
صَغِيْرَةً وَّلَا كَبِيْرَةً اِلَّآ اَحْصٰهَا ۚ وَوَجَدُوْا مَا
عَمِلُوْا حَاضِرًا ۗ وَلَا يَظْلِمُ رَبُّكَ اَحَدًا ۝

49. Lan sawuse buku cathetan 'amal ditumpuk, temen sira bakal sumurup wong-wong kang dosa padha wedi dhewe, jalaran sumurup amale kang ala ana ing kitab iku, sarta dheweke padha ngucap: "Cilaka aku, wadhuh kitab iki tulisane ora ana kang kliwatan, dosa cilik utawa gedhe, kabeh bahe diklumpukake!" Lan amal kang wus padha dilakoni kabeh ana; tinemu dening wong-wong mau, lan Pangeranira ora nganiaya marang wong siji-sijiya!

Wawudhi'al kitaabu fataral mujrimiina musyfiqiina mimmaa fiihi wa yaquuluuna yaa-wailatanaa maali haadzal kitabi laa yughaadiru shaghiirataw walaa kabiiratan illaa ah-shaahaa, wawajaduu maa 'amiluu haadhiraa, walaa yazhlimu rabbuka ahadaa.

٥٠ - وَاِذْ قُلْنَا لِلْمَلٰٓئِكَةِ اسْجُدُوْا لِاٰدَمَ فَسَجَدُوْٓا اِلَّآ
اِبْلِيْسَ ۗ كَانَ مِنَ الْجِنِّ فَفَسَقَ عَنْ اَمْرِ رَبِّهٖ ۗ
اَفَتَتَّخِذُوْنَهٗ وَذُرِّيَّتَهٗٓ اَوْلِيَآءَ مِنْ دُوْنِيْ وَهُمْ
لَكُمْ عَدُوٌّ ۗ بِئْسَ لِلظّٰلِمِيْنَ بَدَلًا ۝

50. Lan nalika Ingsun paring dhawuh marang Malaikat: "Sira padha sujuda marang Adam!" Kabeh banjur padha sujud, kajaba iblis. Iblis iku kalebu golongane jin, dheweke ambangkang dhawuhing PangeraNe. Apa sira padha andadekake iblis lan anak turune iku dadi Pangeran saliyanIngsun, ing mangka dheweke iku dadi satrunira bebuyutan? Ala banget ngabekti marang iblis, kang dianggo gantine ngabekti marang PangeraNe, iku pokale wong-wong kang nganiaya!

Wa-idz qulnaa lilmalaa-ikatis-juduu li-aadama fasajaduu illaa ibliis, kaana minal jinni fafasaqa 'an amri rabbih, afatattakhidzuu nahuu dzurriyyatahuu auliyaa-a min duunii wahum lakum 'aduwwun bi'sa lizhzhaalimiina badalaa.

٥١ - مَآ اَشْهَدْتُّهُمْ خَلْقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَلَا خَلْقَ
اَنْفُسِهِمْ ۖ وَمَا كُنْتُ مُتَّخِذَ الْمُضِلِّيْنَ عَضُدًا ۝

51. Ingsun ora nekakake iblis supaya nyekseni ana ing tumitahe Langit-Langit lan Bumi, lan uga tumitahe awak-awake, lan Ingsun ora mundhut syetan tukang nyasarake iku dadi kanca!

Maa asyhad tuhum khalqas samaawaati wal ardhi walaa khalqa anfusihim, wamaa kuntu muttakhidzal mudhilliina 'adhudaa.

٥٢ - وَيَوْمَ يَقُوْلُ نَادُوْا شُرَكَآءِيَ الَّذِيْنَ زَعَمْتُمْ فَدَعَوْهُمْ
فَلَمْ يَسْتَجِيْبُوْا لَهُمْ وَجَعَلْنَا بَيْنَهُمْ مَّوْبِقًا ۝

52. Lan ana ing dinane Allah dhawuh: "Undangen brahala-brahala kang padha sira anggep sekuthunIngsun iku!" Dheweke banjur padha undang-undang, ananging brahala-brahala mau ora mangsuli, lan Ingsun dadekake aling-aling jurang ing Neraka ana ing

antarane iblis-iblis lan kang dianggep sesembahan.

Wa yauma yaquulu naaduu syurakaa-iyal ladziina za'amtum fada'auhum falam yastajiibuu lahum wa ja'alnaa bainahum maubiqaa.

٥٣ - وَرَاَ الْمُجْرِمُوْنَ النَّارَ فَظَنُّوْٓا اَنَّهُمْ مُّوَاقِعُوْهَا وَلَمْ يَجِدُوْا عَنْهَا مَصْرِفًا ۝

53. Lan bareng wong-wong kang padha dosa sumurup Neraka, dheweke banjur padha yakin yen mesthi bakal ambyur ana ing kono, sarta dheweke ora padha oleh panggonan kanggo ngungsi sumingkir saka kono.

Wara-al mujrimuunan naara fazhannuu annahum muwaaqi'uuhaa walam yajiduu 'anhaa mashrifaa.

Kawusanane tumrap wong kang nglirwakake pepelinging Allah.

٥٤ - وَلَقَدْ صَرَّفْنَا فِيْ هٰذَا الْقُرْاٰنِ لِلنَّاسِ مِنْ كُلِّ مَثَلٍ ۭ وَكَانَ الْاِنْسَانُ اَكْثَرَ شَيْءٍ جَدَلًا ۝

54. Lan temen Ingsun wus anerangake sakabehe sanepa ana ing Quraan marang para manungsa, ananging nyatane manungsa iku kang akeh sugih padu.

Walaqad sharrafnaa fii haadzal qur-aani linnaasi min kulli matsal, wa kaanal insaanu aktsara syai-in jadalaa.

٥٥ - وَمَا مَنَعَ النَّاسَ اَنْ يُّؤْمِنُوْٓا اِذْ جَاۗءَهُمُ الْهُدٰى وَيَسْتَغْفِرُوْا رَبَّهُمْ اِلَّآ اَنْ تَاْتِيَهُمْ سُنَّةُ الْاَوَّلِيْنَ اَوْ يَاْتِيَهُمُ الْعَذَابُ قُبُلًا ۝

55. Lan ora ana kang ngalang-alangi manungsa anggone padha iman sarta nyuwun ngapura marang PangeraNe nalika wus katekan pituduh, kajaba dheweke padha ngenteni dhisik tekane hukume Allah (kang kapatrapake) marang ummat ing jaman biyen, utawa padha ngenteni tekane siksa kang katon ing sangarepe.

Wamaa mana'an naasa ay yu'minuu idz jaa-ahumul hudaa wa yastaghfiruu rabbahum illaa an ta'tiyahum sunnatul awwaliina au ya'tiyahumul 'adzaabu qubulaa.

٥٦ - وَمَا نُرْسِلُ الْمُرْسَلِيْنَ اِلَّا مُبَشِّرِيْنَ وَمُنْذِرِيْنَ ۚ وَيُجَادِلُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِالْبَاطِلِ لِيُدْحِضُوْا بِهِ الْحَقَّ وَاتَّخَذُوْٓا اٰيٰتِيْ وَمَآ اُنْذِرُوْا هُزُوًا ۝

56. Lan Ingsun ora angutus para utusan, kajaba dheweke iku padha ambebungah lan ngancam. Lan wong-wong kang padha kafir iku ambantah kalawan cara kang batal, perlune arep dianggo ngilangi barang haq, lan maneh dheweke padha anggeguyu nyepelekake Ayat-AyatIngsun lan ancaman kang dipelingake marang dheweke.

Wamaa nursilul mursaliina illaa mubasysyiriina wa mundziriin, wa yujaadilul ladziina kafaruu bil baathili liyud-khidhuu bihil haqqa wattakhadzuu aayaatii wamaa undziruu huzuwaa.

٥٧ - وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنْ ذُكِّرَ بِآيَاتِ رَبِّهِ فَأَعْرَضَ عَنْهَا وَنَسِيَ مَا قَدَّمَتْ يَدَاهُ ۚ إِنَّا جَعَلْنَا عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ أَكِنَّةً أَنْ يَفْقَهُوهُ وَفِي آذَانِهِمْ وَقْرًا ۖ وَإِنْ تَدْعُهُمْ إِلَى الْهُدَىٰ فَلَنْ يَهْتَدُوا إِذًا أَبَدًا ۝

57. Lan sapa ta wong kang luwih nganiaya ngungkuli wong kang dielingake marang Ayat-Ayating PangeraNe, nanging padha mengo saka Ayat iku sarta lali ing dosa kang wus dilakoni? Sanyata Ingsun wus andadekake tutup ana ing atine wong-wong mau, supaya ora bisa mangerti barang bener; sarta ana ing pangrungune uga, abot ora bisa krungu. Lan senajan wong-wong mau sira ajak marang dalaning pituduh, salawase ora bakal gelem nampa pituduh iku.

Waman azhlamu mimman dzukkira biaayaati rabbihii fa-a'radha 'anhaa wa nasiya maa qaddamat yadaah, innaa ja'alnaa 'alaa quluubihim akinnatan ayyafqahuuhu wa fii aadzaanihim waqraa, wa-in tad'uhum ilal hudaa falay yahtaduu idzan abadaa.

٥٨ - وَرَبُّكَ الْغَفُورُ ذُو الرَّحْمَةِ ۖ لَوْ يُؤَاخِذُهُمْ بِمَا كَسَبُوا لَعَجَّلَ لَهُمُ الْعَذَابَ ۚ بَلْ لَهُمْ مَوْعِدٌ لَنْ يَجِدُوا مِنْ دُونِهِ مَوْئِلًا ۝

58. Lan Pangeranira iku kang Maha Ngapura tur kang kagungan Welas, saupama PanjenengaNe karsa nyiksa jalaran dosa kang wus padha dilakoni, temen PanjenengaNe mesthi ngenggalake siksa mau tumrap dheweke, ananging wus ana katamtuan kanggo dheweke anggone dipatrapi siksa, kang dheweke ora padha bisa oleh pangungsen saliyane saka PanjenengaNe!

Wa rabbukal ghafuuru dzur-rahmah, lau yu-aakhidzuhum bimaa kasabuu la'ajjala lahumul 'adzaab, bal lahum mau'idul lay yajiduu min duunihii mau-ilaa.

٥٩ - وَتِلْكَ الْقُرَىٰ أَهْلَكْنَاهُمْ لَمَّا ظَلَمُوا وَجَعَلْنَا لِمَهْلِكِهِمْ مَوْعِدًا ۝

59. Lan isining Negara-Negara iku Ingsun rusak ing nalika dheweke pinuju padha nganiaya, sarta Ingsun wus andamel katamtuan kanggo pangrusake wong-wong mau.

Wa tilkal quraa ahlaknaahum lammaa zhalamuu wa ja'alnaa limahlikihim mau'idaa.

Nabi Musa a.s. marsudi 'ilmu marang Nabi Hidir a.s.

٦٠ - وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِفَتَاهُ لَا أَبْرَحُ حَتَّىٰ أَبْلُغَ مَجْمَعَ الْبَحْرَيْنِ أَوْ أَمْضِيَ حُقُبًا ۝

60. Lan nalika Nabi Musa ngandika marang rewange: 603) "Aku arep leren mlaku, nganti aku tumeka ing panggonan kumpuling Segara loro, yaiku Segara Rum lan Segara Parsi, utawa mlaku nganti pirang-pirang tahun lawase.

Wa-idz qaala muusaa lifataahu laa abrahu hattaa ablugha majma'al bahraini au amdhiya huqubaa.

603). Para Jumhur Tafsir anerangaken bilih rencang nem-neman sekabatipun punika inggih muridipun Nabi Musa a.s. ingkang asma Yusya' bin Nun.

61. Bareng sakarone wus tekan ing panggonan kumpule Segara loro, sakarone lali marang iwak kang wus disadhiyakake kanggo dhahare. Dene iwak iku nuli nggoleki dalane nyemplung ing sajeroning Segara.

٦١ - فَلَمَّا بَلَغَا مَجْمَعَ بَيْنِهِمَا نَسِيَا حُوتَهُمَا فَاتَّخَذَ سَبِيلَهُ فِي الْبَحْرِ سَرَبًا ۝

Falammaa balaghaa majma'a bainihimaa nasiyaa huutahumaa fattakhadza sabiilahuu fil bahri sarabaa.

62. Sawuse padha ngliwati panggonan mau, Nabi Musa ngandika marang rewange: "Gawanen mrene dhaharanku, sabab aku wus krasa sayah-luwe ana ing lelunganku iki".

٦٢ - فَلَمَّا جَاوَزَا قَالَ لِفَتَاهُ آتِنَا غَدَاءَنَا لَقَدْ لَقِينَا مِنْ سَفَرِنَا هَٰذَا نَصَبًا ۝

Falammaa jaawazaa qaala lifataahu aatinaa ghadaa-anaa laqad laqiinaa min safarinaa haadzaa nashabaa.

63. Rewange matur: "Punapa panjenengan boten pirsa, nalika kula kendel wonten ing sela punika wau, yektos kula kasupen ngaturaken ulam wau, boten wonten ingkang nyupekaken dhateng kula perkawis ulam wau, kajawi syetan; sarta ulam wau sampun ngambah madosi marginipun wonten ing Saganten ingkang kanthi anggumunake".

٦٣ - قَالَ أَرَأَيْتَ إِذْ أَوَيْنَا إِلَى الصَّخْرَةِ فَإِنِّي نَسِيتُ الْحُوتَ وَمَا أَنْسَانِيهُ إِلَّا الشَّيْطَانُ أَنْ أَذْكُرَهُ وَاتَّخَذَ سَبِيلَهُ فِي الْبَحْرِ عَجَبًا ۝

Qaala ara-aita idz awainaa ilash shakhrati fa-innii nasiitul huut, wamaa ansaaniihu illasy syaithaanu an adzkurahuu wattakhadza sabiilahuu fil bahri 'ajabaa.

64. Nabi Musa ngandika: "Lah ya iki, kang kudu tak goleki!" Sakarone banjur bali maneh nurut tipake.

٦٤ - قَالَ ذَٰلِكَ مَا كُنَّا نَبْغِ فَارْتَدَّا عَلَىٰ آثَارِهِمَا قَصَصًا ۝

Qaala dzaalika maa kunnaa nabghi, fartadda 'alaa aatsaarihimaa qashashaa.

65. Bareng sakarone wus tekan ing watu panggonane leren mau, katemu karo sawijining kawulanIngsun, Nabi Khidhir kang wus Ingsun paringi rakhmat saka ngarsanIngsun, 604) lan Ingsun wus mulangake 'ilmu saka ngarsanIngsun pribadi marang dheweke.

٦٥ - فَوَجَدَا عَبْدًا مِنْ عِبَادِنَا آتَيْنَاهُ رَحْمَةً مِنْ عِنْدِنَا وَعَلَّمْنَاهُ مِنْ لَدُنَّا عِلْمًا ۝

Fawajadaa 'abdam min 'ibaadinaa aatainaahu rahmatam min 'indinaa wa 'allamnaahu mil-ladunnaa 'ilmaa.

604). Nabi Khidhir a.s. pinaringan rahmat, maksudipun tampi Wahyu lan Kanabian, dene ilmu artosipun ilmu ghaib kados ingkang badhe katerangaken ing ayat-ayat lajengipun.

66. Musa matur marang Khidir: "Punapa kula kepareng andherek panjenengan, saperlu mulang dhateng kula babagan ngelmi ingkang sampun kawulangaken dening Allah dhumateng panjenengan!"

٦٦. قَالَ لَهُ مُوسَىٰ هَلْ أَتَّبِعُكَ عَلَىٰ أَنْ تُعَلِّمَنِ مِمَّا عُلِّمْتَ رُشْدًا ۝

Qaala lahuu muusaa hal attabi'uka 'alaa an tu'allimani mimmaa 'ullimta rusydaa.

67. Wangsulanipun: "Yektosipun sampeyan boten badhe saged sabar sesarengan kaliyan kula.

٦٧. قَالَ إِنَّكَ لَنْ تَسْتَطِيعَ مَعِيَ صَبْرًا ۝

Qaala innaka lan tastathii'a ma'iya shabraa.

68. Lan kados pundi anggen sampeyan saged sabar dhateng perkawis ingkang sampeyan dereng mangertos kateranganipun?

٦٨. وَكَيْفَ تَصْبِرُ عَلَىٰ مَا لَمْ تُحِطْ بِهِ خُبْرًا ۝

Wa kaifa tashbiru 'alaa maalam tuhith bihii khubzaa.

69. Musa matur: "Panjenengan badhe manggih ing kula, insya Allah saged sabar, sarta kula boten badhe mbangkang dhawuh panjenengan!"

٦٩. قَالَ سَتَجِدُنِي إِنْ شَاءَ اللَّهُ صَابِرًا وَلَا أَعْصِي لَكَ أَمْرًا ۝

Qaala satajidunii insyaa-allaahu shaabiraw walaa a'shii laka amraa.

70. Wangsulane: "Manawi sampeyan tumut kula, sampeyan sampun ngantos pitaken dhateng kula ing satunggiling perkawis ingkang kula tindakaken, ngantos kula nerangaken piyambak dhateng sampeyan ingkang cetha".

٧٠. قَالَ فَإِنِ اتَّبَعْتَنِي فَلَا تَسْأَلْنِي عَنْ شَيْءٍ حَتَّىٰ أُحْدِثَ لَكَ مِنْهُ ذِكْرًا ۝

Qaala fa-init taba'tanii falaa tas-alnii 'an syai-in hattaa uhditsa laka minhu dzikraa.

Nabi Khidhir ambolongi prahu.

71. Sakarone, Musa lan Khidhir, banjur budhal; bareng tekan mangsane numpak prahu, Khidir nuli ambolongi prahu mau. Musa pitakon: "Kados pundi panjenengan ambolongi baita punika? Badhe ngeremaken tetiyangipun? Yektos panjenengan sampun nindakaken perkawis ingkang nguwatosi sanget".

٧١. فَانْطَلَقَا حَتَّىٰ إِذَا رَكِبَا فِي السَّفِينَةِ خَرَقَهَا ۖ قَالَ أَخَرَقْتَهَا لِتُغْرِقَ أَهْلَهَا لَقَدْ جِئْتَ شَيْئًا إِمْرًا ۝

Fanthalaqaa, hattaa idzaa rakibaa fis-safiinati kharaqahaa, qaala akharaqtahaa litughriqa ahlahaa, laqad ji'ta syai-an imraa.

72. Wangsulane: "Punapa kula dereng cariyos, saleresipun sampeyan boten saged sabar, sesarengan kaliyan kula!"

٧٢. قَالَ أَلَمْ أَقُلْ إِنَّكَ لَنْ تَسْتَطِيعَ مَعِيَ صَبْرًا ۝

Qaala alam aqul innaka lan tastathii'a ma'iya shabraa.

73. Musa matur: "Mugi Panjenengan sampun andukani kula, jalaran kula kasupen, lan sampun andamel rekaos anggen kula puruhita ndherek panjenengan!"

٧٣- قَالَ لَا تُؤَاخِذْنِي بِمَا نَسِيتُ وَلَا تُرْهِقْنِي مِنْ أَمْرِي عُسْرًا ۝

Qaala laa tu-aakhidznii bimaa nasiitu walaa turhiqnii min amrii 'usraa.

Nabi Khidhir mateni nom-noman.

74. Sakarone banjur padha budhal maneh, nuli katemu karo sawijining bocah lanang, bocah mau banjur diperjaya dening Khidhir. Musa pitakon maneh: "Kados pundi panjenengan teka merjaya jiwa ingkang suci, tur tanpa dosa?" "Yektos, panjenengan sampun nindakaken perkawis ingkang mungkar!"

٧٤- فَانْطَلَقَا حَتَّىٰ إِذَا لَقِيَا غُلَامًا فَقَتَلَهُ قَالَ أَقَتَلْتَ نَفْسًا زَكِيَّةً بِغَيْرِ نَفْسٍ لَقَدْ جِئْتَ شَيْئًا نُكْرًا ۝

Fanthalaqaa, hattaa idzaa laqiyaa ghulaaman faqatalahuu qaala aqalta nafsan zakiyyatam bighairi nafs, laqad ji'ta syai-an nukraa.

JUZ 16

75. Khidhir ngendika: "Punapa kula dereng cariyos dhateng sampeyan Musa, manawi sampeyan punika boten saged sabar, sesarengan kaliyan kula?"

٧٥- قَالَ أَلَمْ أَقُلْ لَكَ إِنَّكَ لَنْ تَسْتَطِيعَ مَعِيَ صَبْرًا ۝

Qaala alam aqul laka innaka lan tastathii'a ma'iya shabraa.

76. Ature Musa: "Manawi kula ngantos pitaken malih dhateng panjenengan, bab punapa kemawon sasampunipun panjenengan merjaya lare wau, sampun nganggep kula dados rencang malih. Sayektosipun panjenengan priksa wonten alangan, ngantos kula, nilaraken memitran punika!"

٧٦- قَالَ إِنْ سَأَلْتُكَ عَنْ شَيْءٍ بَعْدَهَا فَلَا تُصَاحِبْنِي قَدْ بَلَغْتَ مِنْ لَدُنِّي عُذْرًا ۝

Qaala in sa-altuka 'an syai-in ba'dahaa falaa tushaahibnii, qad balaghta min ladunnii 'udzraa.

Nabi Khidhir anjejegake temboking gedhong kang dhoyong.

77. Sakarone nuli padha budhal maneh, bareng sakarone wus tekan ahli perdesan, sakarone mundhut dhedhaharan marang wong pribumi, ananging ora ana kang padha gelem nyuguh marang sakarone. Sakarone banjur sumurup ing desa mau ana gedhong dhoyong, Khadhir nuli anjejegake gedhong mau. Musa nuli pitakon: "Manawi panjenengan karsa tamtu panjenengan saged mundhut pituwas anggenipun anjejegaken gedhong punika".

٧٧- فَانْطَلَقَا حَتَّىٰ إِذَا أَتَيَا أَهْلَ قَرْيَةٍ اسْتَطْعَمَا أَهْلَهَا فَأَبَوْا أَنْ يُضَيِّفُوهُمَا فَوَجَدَا فِيهَا جِدَارًا يُرِيدُ أَنْ يَنْقَضَّ فَأَقَامَهُ قَالَ لَوْ شِئْتَ لَتَّخَذْتَ عَلَيْهِ أَجْرًا ۝

Fanthalaqaa hattaa idzaa atayaa ahla qaryatinis tath'amaa ahlahaa fa-abau ayyudhayyifuu humaa fawajada fiihaa

jidaaray yuriidu ay yanqadhdha fa-aqaamahuu qaala lau syi'ta lattakhadzta 'alaihi ajraa.

Hikmah pituture Nabi Khidhir.

78. Khidhir mangsuli: "Samangke pepisahan kula kaliyan sampeyan. Kula badhe anerangaken rumiyin dhumateng sampeyan ing kateranganipun sadaya perkawis, ingkang sampeyan boten saged nyabaraken wau.

٧٨. قَالَ هٰذَا فِرَاقُ بَيْنِيْ وَبَيْنِكَ ۚ سَأُنَبِّئُكَ بِتَأْوِيْلِ مَا لَمْ تَسْتَطِعْ عَّلَيْهِ صَبْرًا ۝

Qaala haadzaa firaaqu bainii wa bainika sa-unabbi-uka bita'wiili maalam tastathi' 'alaihi shabraa.

79. "Dene prahu punika gadhahanipun tiyang-tiyang miskin ingkang sami nyambut damel nelayan wonten ing Seganten, kula niyat damel cacad prahu punika, jalaran ing sawingkingipun tiyang-tiyang wau wonten Raja ambegsiya, angrampas sadaya prahu ingkang sahe-sahe sarana pangroda-peksa!"

٧٩. اَمَّا السَّفِيْنَةُ فَكَانَتْ لِمَسٰكِيْنَ يَعْمَلُوْنَ فِي الْبَحْرِ فَأَرَدْتُّ اَنْ اَعِيْبَهَا وَكَانَ وَرَآءَهُمْ مَّلِكٌ يَّأْخُذُ كُلَّ سَفِيْنَةٍ غَصْبًا ۝

Ammas safiinatu fakaanat limasaakiina ya'maluuna fil bahri fa-arad-tu an a'iibahaa wa kaana waraa-ahum maliky ya'khudzu kulla safiinatin ghashbaa.

80. "Dene lare pemudha ingkang kula perjaya punika, bapa lan biyungipun tiyang Mu'min, kalebet pengageng ing Negari ngriku, kula kuwatos mbok bilih lare pemudha wau amblusukaken bapa biyungipun dhateng penasaran tuwin kakafiran!"

٨٠. وَاَمَّا الْغُلٰمُ فَكَانَ اَبَوٰهُ مُؤْمِنَيْنِ فَخَشِيْنَآ اَنْ يُّرْهِقَهُمَا طُغْيَانًا وَّكُفْرًا ۝

Wa ammal ghulaamu fakaana abaahu mu'minaini fakhasyiinaa ay yurhiqahumaa thughyaanaw wa kufraa.

81. "Saking pikajeng kula, muga-mugi Pangeran anggantos nglintoni dhateng tiyang sepuhipun kekalih, kaliyan anak ingkang langkung sahe, tinimbang lare nem wau kasucianipun, sarta ingkang langkung asih dhumateng tiyang sepuhipun".

٨١. فَأَرَدْنَآ اَنْ يُّبْدِلَهُمَا رَبُّهُمَا خَيْرًا مِّنْهُ زَكٰوةً وَّاَقْرَبَ رُحْمًا ۝

Fa-aradnaa ay yubdila humaa rabbuhumaa khairam minhu zakaataw wa aqraba ruhmaa.

82. "Dene tembok gedhong punika, gadhahanipun lare yatim kakalih ing Negari ngriku, lan ing sangandhapipun tembok gedhong punika wonten pendhemanipun mas picis rajabrana, gadhahanipun lare yatim kalih wau, sarta Bapakipun lare yatim kakalih wau tiyang ingkang saleh, ing mangka Pangeran sampeyan Musa, karsa nyampurnakaken lare yatim kakalih wau dumugi umur dewasanipun (balegh), sarta Panjenenganipun ngarsakaken supados lare yatim ka-

٨٢. وَاَمَّا الْجِدَارُ فَكَانَ لِغُلٰمَيْنِ يَتِيْمَيْنِ فِي الْمَدِيْنَةِ وَكَانَ تَحْتَهٗ كَنْزٌ لَّهُمَا وَكَانَ اَبُوْهُمَا صَالِحًا ۚ فَاَرَادَ رَبُّكَ اَنْ يَّبْلُغَآ اَشُدَّهُمَا وَيَسْتَخْرِجَا كَنْزَهُمَا ۖ رَحْمَةً مِّنْ رَّبِّكَ ۚ وَمَا فَعَلْتُهٗ عَنْ اَمْرِيْ ۚ ذٰلِكَ تَأْوِيْلُ مَا لَمْ تَسْطِعْ عَّلَيْهِ صَبْرًا ۝

kalih wau saged ngedalaken piyambak pendheman saking sangandhaping tembok, minangka sih Rahmat Pangeran sampeyan lan sadaya ingkang kula tindakaken wau sanes saking pikajeng kula piyambak, ananging saking dhawuhing Allah. Lah makaten punika kateranganing perkawis ingkang sampeyan boten saged nyabaraken!"

Wa ammal jidaaru fakaana lighulaamaini yatiimaini fil madiinati wa kaana tahtahuu kanzul lahumaa wa kaana abuuhumaa shaalihaa, fa-araada rabbuka ay yablughaa asyuddahumaa wa yastakhrijaa kanzahumaa, rahmatam mirrabbik, wamaa fa'altuhuu 'an amrii, dzaalika ta'wiilu maalam tasthi' 'alaihi shabraa.

Dzul Qurnain kalawan Ya'juj lan Ma'juj.

83. Lan wong-wong iku padha pitakon marang sira Muhammad, bab caritane Dzul Qurnain. Dhawuha sira: "Aku bakal macakake marang sira caritane Dzul Qurnain kanthi terang trawaca.

٨٣. وَيَسْـَٔلُونَكَ عَنْ ذِى الْقَرْنَيْنِ ۖ قُلْ سَأَتْلُوا عَلَيْكُمْ مِّنْهُ ذِكْرًا ۝

Wa yas-aluunaka 'an dzilqarnain, qul sa-atluu 'alaikum minhu dzikraa.

84. Satemene Ingsun Allah, wus nenggonake Dzul Qurnain ana ing Bumi, lan Ingsun wus maringi sakabehing perkara kang dadi sabab-sabab, bisa tumeka marang apa kang dikarepake.

٨٤. إِنَّا مَكَّنَّا لَهُ فِى الْأَرْضِ وَءَاتَيْنَٰهُ مِن كُلِّ شَىْءٍ سَبَبًا ۝

Innaa makkannaa lahuu fil ardhi wa aatainaahu min kulli syai-in sababaa.

85. Dheweke Dzul Qurnain nuli ngambah sawijining dalan.

٨٥. فَأَتْبَعَ سَبَبًا ۝

Fa-atba'a sababaa.

86. Nganti nalika tekan ing panggonan suruping Srengenge, dheweke sumurup Srengenge surup ana ing telenging lendhut kang ireng, sarta ing kono dheweke ketemu sawijining trah bangsa. 605) PangandikanIngsun: "He Dzul Qurnain, mara pilihen, kaum iku sira ukum, nganti gelem ngrasuk agama Islam, utawa sira mamrih kabecikan marang dheweke yaiku iman".

٨٦. حَتَّىٰٓ إِذَا بَلَغَ مَغْرِبَ الشَّمْسِ وَجَدَهَا تَغْرُبُ فِى عَيْنٍ حَمِئَةٍ وَوَجَدَ عِندَهَا قَوْمًا ۗ قُلْنَا يَٰذَا الْقَرْنَيْنِ إِمَّآ أَن تُعَذِّبَ وَإِمَّآ أَن تَتَّخِذَ فِيهِمْ حُسْنًا ۝

Hattaa idzaa balagha maghribasy syamsi wajadahaa taghrubu fii 'ainin hami-atiw wajada 'indahaa qaumaa, qulnaa yaa dzalqarnaini immaa an tu'adzdziba wa immaa an tattakhidza fiihim husnaa.

605). Trah Bangsa wau boten ngrasuk Agami.

87. Dzul Qurnain matur: "Dene tetiyang ingkang nganiaya, tamtu kula patrapi paukuman wonten ing Donya, salajengipun wonten ing Akherat badhe kasowanaken konjuk dhumateng Pangeranipun, sarta Panjenenganipun ingkang badhe matrapi siksa ingkang awrat.

٨٧- قَالَ أَمَّا مَنْ ظَلَمَ فَسَوْفَ نُعَذِّبُهُ ثُمَّ يُرَدُّ إِلَىٰ رَبِّهِ فَيُعَذِّبُهُ عَذَابًا نُّكْرًا ۝

Qaala ammaa man zhalama fasaufa nu'adzdzibuhuu tsumma yuraddu ilaa rabbihii fayu'adzdzibuhuu 'adzaaban nukraa.

88. Dene tiyang ingkang iman sarta nindakaken amal saleh, saestu piyambakipun badhe angsal ganjaran ingkang sahe, sarta kawula badhe ndhawuhaken dhateng piyambakipun ing sadaya perkawis kawula ingkang gampil.

٨٨- وَأَمَّا مَنْ آمَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَلَهُ جَزَاءً الْحُسْنَىٰ وَسَنَقُولُ لَهُ مِنْ أَمْرِنَا يُسْرًا ۝

Wa ammaa man aamana wa 'amila shaalihan falahuu jazaa-a (n)il husnaa, wa sanaquulu lahuu min amrinaa yusraa.

89. Dheweke Dzul Qurnain nuli ngambah sawijining dalan maneh.

٨٩- ثُمَّ أَتْبَعَ سَبَبًا ۝

Tsumma atba'a sababaa.

90. Nganti bareng tumeka ing panggonan maletheking Srengenge, dheweke weruh Srengenge iku malethek ana ing sagolongane bangsa, kang Ingsun ora ndadekake alingaling 606) antarane Srengenge iku kalawan bangsa mau.

٩٠- حَتَّىٰ إِذَا بَلَغَ مَطْلِعَ الشَّمْسِ وَجَدَهَا تَطْلُعُ عَلَىٰ قَوْمٍ لَّمْ نَجْعَل لَّهُم مِّن دُونِهَا سِتْرًا ۝

Hattaa idzaa balagha mathli'asy syamsi wajadahaa tathlu'u 'alaa qaumil lam naj'al lahum min duunihaa sitraa.

91. Lan mangkono kadadeyane Dzul Qurnain wus bisa tekan Mahgrib (kulon) lan Masyrik (Wetan), lan satemene Ingsun wus nguningani sakabehing perkara kang ana ing dheweke.

٩١- كَذَٰلِكَ وَقَدْ أَحَطْنَا بِمَا لَدَيْهِ خُبْرًا ۝

Kadzaalik, waqad ahathnaa bimaa ladaihi khubraa.

92. Dheweke Dzul Qurnain nuli ngambah ing sawijining dalan maneh.

٩٢- ثُمَّ أَتْبَعَ سَبَبًا ۝

Tsumma atba'a sababaa.

93. Nganti nalika tumeka ing antarane Gunung-Loro, Dzul Qurnain nuli ketemu ana ing sangarepe Gunung-Loro mau, sawijining golongane bangsa kang meh ora ngerti basane. 607)

٩٣- حَتَّىٰ إِذَا بَلَغَ بَيْنَ السَّدَّيْنِ وَجَدَ مِن دُونِهِمَا قَوْمًا لَّا يَكَادُونَ يَفْقَهُونَ قَوْلًا ۝

606). Gusti Allah boten paring aling-aling sabab bangsa wau sami miskin.

607). Sabab ginemanipun sarana basa ingkang rekaos dipun mangertosi ing ngasanes, utawi sabab titiyang wau taksih bodho-bodho.

Hattaa idzaa balagha bainas saddaini wajada min duunihimaa qaumaa, laa yakaaduuna yafqahuuna qaulaa.

94. Wong-wong mau padha matur: "Dhuh Raja Dzul Qurnain! Saestunipun Ya'juj tuwin Ma'juj 608) punika kakalihipun sami damel risak wonten ing Bumi, punapa Panjenengan karsa nampi embalan saking kawula sadaya supados Panjenengan ndamelaken aling-aling beteng ingkang saged nyegah piyambakipun dhateng mriki?"

٩٤- قَالُوا يٰذَا الْقَرْنَيْنِ اِنَّ يَاْجُوْجَ وَمَاْجُوْجَ مُفْسِدُوْنَ فِى الْاَرْضِ فَهَلْ نَجْعَلُ لَكَ خَرْجًا عَلٰٓى اَنْ تَجْعَلَ بَيْنَنَا وَبَيْنَهُمْ سَدًّا ۝

Qaaluu yaa dzalqarnaini inna ya'juuja wa ma'juuja mufsiduuna fil ardhi fahal naj'alu laka kharjan 'alaa an taj'ala bainanaa wa bainahum saddaa.

95. Dzul Qurnain mangsuli: "Sakabehe kanugrahan kang wus diparingake dening Pangeranku marang aku, iku luwih becik tinimbang kasaguhanira iku. Jalaran saka iku sira padha ambantua marang aku kalawan kakuwatan, aku bakal gawe pager beteng kang kuat kanggo aling-aling ana ing antaranira lan antarane Ya'juj lan Ma'juj.

٩٥- قَالَ مَا مَكَّنِّىْ فِيْهِ رَبِّىْ خَيْرٌ فَاَعِيْنُوْنِىْ بِقُوَّةٍ اَجْعَلْ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ رَدْمًا ۝

Qaala maa makkannii fiihi rabbii khairun fa-a'iinuunii biquwwatin aj'al bainakum wa bainahum radmaa.

96. "Gawanen mrene tugel-tugelan wesi kang gedhe-gedhe kuwi!" Bareng tumpukan tugelan wesi ing antarane Gunung-Loro iku dhuwure wus rata mapaki, Dzul Qurnain dhawuh: "Sira enggal padha ngurubna geni!" Sawuse tumpukan wesi mau mengangah dadi geni, Dzul Qurnain dhawuh maneh: "Gawanen mrene jer-jeran tembaga kang kalebur dadi jladren, aku arep ngesokake jladren mau beteng wesi kang lagi murub iki!"

٩٦- اٰتُوْنِىْ زُبَرَ الْحَدِيْدِ ۗ حَتّٰٓى اِذَا سَاوٰى بَيْنَ الصَّدَفَيْنِ قَالَ انْفُخُوْا ۗ حَتّٰٓى اِذَا جَعَلَهٗ نَارًا ۙ قَالَ اٰتُوْنِىْٓ اُفْرِغْ عَلَيْهِ قِطْرًا ۝

Aatuunii zubaral hadiid, hattaa idzaa saawaa bainash shadafaini qaalan fukhuu, hattaa idzaa ja'alahuu naaran qaala aatuunii ufrigh 'alaihi qithraa.

97. Sawuse mangkono mau, Ya'juj lan Ma'juj ora bisa ngunggahi ing sadhuwure pager wesi iku, lan uga Ya'juj lan Ma'juj ora bisa ambrobos ing sangisore.

٩٧- فَمَا اسْطَاعُوْٓا اَنْ يَّظْهَرُوْهُ وَمَا اسْتَطَاعُوْا لَهٗ نَقْبًا ۝

Famas-thaa'uu ay yazhharuuhu wamas tathaa'uu lahuu naqbaa.

98. Dzul Qurnain dhawuh maneh: "Lah hiya pager iki Rakhmat saka ngarsane Pangeranku, manawa tekan janjiNe Pangeranku, pager wesi iki dilebur kadadekake rata, sarta janjiNe Pangeranku iku bener!

٩٨- قَالَ هٰذَا رَحْمَةٌ مِّنْ رَّبِّىْ ۚ فَاِذَا جَآءَ وَعْدُ رَبِّىْ جَعَلَهٗ دَكَّآءَ ۚ وَكَانَ وَعْدُ رَبِّىْ حَقًّا ۝

608). Ya'juj lan Ma'juj, utawi katelahipun Ja Makjuja, punika kalih bangsa ingkang tansah damel onar lan karisakan, kados dene bangsa Monggolia lan Tartar, wallaahu a'lam.

Qaala haadzaa rahmatum mir rabbii, fa-idzaa jaa-a wa'du rabbii ja'alahuu dakkaa-a wa kaana wa'du rabbii haqqaa.

99. Lan ana ing dina iku yaiku dina metune Ya'juj lan Ma'juj ana ing dina Qiyamat, Ingsun nguja Ya'juj lan Ma'juj padha suksukan, siji marang sijine, lan sawuse selompret kasebul, Ingsun ngumpulake dheweke kabeh.609)

٩٩- وَتَرَكْنَا بَعْضَهُمْ يَوْمَئِذٍ يَمُوجُ فِي بَعْضٍ وَنُفِخَ فِي الصُّورِ فَجَمَعْنَاهُمْ جَمْعًا ۝

Wa taraknaa ba'dhahum yauma-idziy yamuuju fii ba'dhiw wa nufikha fish-shuuri fajama'naahum jam'aa.

100. Lan ana ing dina Qiyamat iku, Ingsun nuduhake Neraka Jahanam tumrap wong-wong kafir, supaya weruh kanthi nyata wujude nraka kang anggegirisi!

١٠٠- وَعَرَضْنَا جَهَنَّمَ يَوْمَئِذٍ لِلْكَافِرِينَ عَرْضًا ۝

Wa 'aradhnaa jahannama yauma-idzil lilkaafiriina 'ardhaa.

101. Yaiku wong-wong kang matane katutupan (kang nyababake kaling-kalingan) saka pepelingIngsun (Al Quraan), lan dheweke iku ora padha bisa krungu.

١٠١- الَّذِينَ كَانَتْ أَعْيُنُهُمْ فِي غِطَاءٍ عَنْ ذِكْرِي وَكَانُوا لَا يَسْتَطِيعُونَ سَمْعًا ۝

Alladziina kaanat a'yunuhum fii ghi-thaa-in 'an dzikrii wa kaanuu laa yasta-thii'uuna sam'aa.

Siksa tumrap wong musyrik lan ganjaran tumrap wong Mu'min.

102. Apa wong kang padha kafir anggone ngalap kawulanIngsun kadadekake Pangeran saliyanIngsun iku ngira manawa bisa manfa'ati ing dheweke? Satemene Ingsun wus nyadhiyakake Naraka Jahanam kanggo wong-wong kafir, minangka dadi papan panggonane.

١٠٢- أَفَحَسِبَ الَّذِينَ كَفَرُوا أَنْ يَتَّخِذُوا عِبَادِي مِنْ دُونِي أَوْلِيَاءَ إِنَّا أَعْتَدْنَا جَهَنَّمَ لِلْكَافِرِينَ نُزُلًا ۝

Afahasibal ladziina kafaruu ay yatta-khidzuu 'ibaadii min duunii auliyaa', innaa a'tadnaa jahannama lilkaafiriina nuzulaa.

103. Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira padha gelem Sun paringi katerangan mungguh wong-wong kang luwih kapitunan tumindake ana ing Akherat?

١٠٣- قُلْ هَلْ نُنَبِّئُكُمْ بِالْأَخْسَرِينَ أَعْمَالًا ۝

Qul hal nunabbi-ukum bil akhsariina a'maalaa.

609). Selompret kasebul kaping kalih: sebulan sapisan pertandha "Alam Jagadrat risak sirna; sebulan kaping kalih dhawuh bareng breg dhateng para manungsa dipun tangekaken saking kubur, lajeng nglempak ing ara-ara Mahsyar.

١٠٤- اَلَّذِيْنَ ضَلَّ سَعْيُهُمْ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَهُمْ يَحْسَبُوْنَ اَنَّهُمْ يُحْسِنُوْنَ صُنْعًا ۝

Alladziina dhalla sa'yuhum fil hayaatid dunyaa wahum yahsabuuna annahum yuhsinuuna shun'aa.

104. Yaiku wong-wong kang kleru ngamal tumindake ana ing panguripan Donya iki, sarta dheweke padha duwe pangira, yen satemene dheweke iku kang mbecikake tumindake!

١٠٥- اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِ رَبِّهِمْ وَلِقَآئِهٖ فَحَبِطَتْ اَعْمَالُهُمْ فَلَا نُقِيْمُ لَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ وَزْنًا ۝

Ulaa-ikal ladziina kafaruu bi-aayaati rabbihim wa liqaa-ihii fahabitha a'maaluhum falaa nuqiimu lahum yaumal qiyaamati waznaa.

105. Dheweke mau wong-wong kang padha maido marang Ayat-Ayating PangeraNe lan maido bakal sowan ing ngarsaNe, satemah dadi lebur kabeh 'amale. Ingsun ora bakal angedegake timbangan ana ing dina Qiyamat tumrap wong-wong mau.

١٠٦- ذٰلِكَ جَزَآؤُهُمْ جَهَنَّمُ بِمَا كَفَرُوْا وَاتَّخَذُوْٓا اٰيٰتِيْ وَرُسُلِيْ هُزُوًا ۝

Dzaalika jazaa-uhum jahannamu bimaa kafaruu wattakhadzuu aayaatii wa rusulii huzuwaa.

106. Lah mangkono iku, piwalese wong-wong mau Neraka Jahanam, jalaran kakafirane, lan dheweke nganggo geguyon ing Ayat-AyatIngsun lan Utusan-utusaningSun.

١٠٧- اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ كَانَتْ لَهُمْ جَنّٰتُ الْفِرْدَوْسِ نُزُلًا ۝

Innal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati kaanat lahum jannaatul firdausi nuzulaa.

107. Satemene wong-wong kang iman, lan nindakake laku becik, oleh Suwarga Firdaus dadi panggonan kang tetep tumrap dheweke.

١٠٨- خٰلِدِيْنَ فِيْهَا لَا يَبْغُوْنَ عَنْهَا حِوَلًا ۝

Khaalidiina fiihaa laa yabghuuna 'anhaa hiwalaa.

108. Wong-wong mau tetep langgeng ana ing kono, dheweke ora padha duwe karep ngalih saka kono.

Jembaring ilmuNe Allah ora kinira-kira!

١٠٩- قُلْ لَّوْ كَانَ الْبَحْرُ مِدَادًا لِّكَلِمٰتِ رَبِّيْ لَنَفِدَ الْبَحْرُ قَبْلَ اَنْ تَنْفَدَ كَلِمٰتُ رَبِّيْ وَلَوْ جِئْنَا بِمِثْلِهٖ مَدَدًا ۝

109. Dhawuha sira Muhammad: "Manawa sakirane Sagara iku upamane mangsi kanggo nulisi dhawuh pangandikaNe Allah Pangeranku, lan hukum-hukume, yekti Sagara mau wis asat sadurunge rampung panulise dhawuh pangandikaNe Allah Pangeranku mau,

sanajana Ingsun tambahi mangsi sak Segara maneh". 610)

Qul lau kaanal bahru midaadal likalimaati rabbii lanafidal bahru qabla an tanfada kalimaatu rabbii walau ji'naa bimitslihii madadaa.

110. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyatane aku iki uga manungsa kaya sira kabeh, mung bahe aku kaparingan Wahyu kang anerangake yen satemene Pangeranira iku Pangeran kang suwiji. Mulane sapa wonge ngarep-arep sowan marang ngarsaning Allah Pangerane, supaya nindakake laku becik, lan aja nyakuthokake sawiji bae anggone nyembah marang Pangerane iku.

***).

١١٠. قُلْ إِنَّمَآ أَنَا۠ بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوحَىٰٓ إِلَيَّ أَنَّمَآ إِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ
وَٰحِدٌ ۖ فَمَن كَانَ يَرْجُوا۟ لِقَآءَ رَبِّهِۦ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا
صَٰلِحًا وَلَا يُشْرِكْ بِعِبَادَةِ رَبِّهِۦٓ أَحَدًۢا ۝

Qul innamaa ana basyarym mitslukum yuuhaa ilayya annamaa ilaahukum ilaahuw waahid, faman kaana yarjuu liqaa-a rabbihii falya'mal 'amalan shaalihaw walaa yusyrik bi'ibaadati rabbihii ahadaa.

610). **Punapa ilmu kalayan Agami punika bendheng-ceweng? Boten, sabab hakekatipun ilmu dipun persudi punika kagem kawilujenganing ngagesang sarta raharjaning gesang bebrayan. Boten sakedhik kurban ingkang dipun iklasaken dening para pujangga-ilmu kangge salami-lamining ngagesang sesarengan wonten ing 'alam Donya. Kakiyataning jiwa iklas kurban punika asring sanget saking tekad lan kayakinaning Agami, makaten Dr. H. Moh Hatta, ngandharaken ing seminar-ipun wonten Universitas Aligarh, India, ingkang thema-nipun "Islam masyarakat demokrasi lan pardamean".**

***). **Minangka panutuping katerangan ingkang wigatosipun nyinau tandhingan (comperative study of Quran) ing antawisipun Surat Al Kahfi kaliyan Surat Maryam, antawisipun makaten:**
1. Bageyan akhir Surat Al Kahfi anerangaken bab ancamaning Allah tumrap titiyang kafir ingkang pados pangayoman sanesipun Allah, sadaya amalipun lebur tanpa tilas, sarta piyambak-ipun dipun siksa ing Neraka Jahanam, dene wonten ing Surat Maryam dipun wangsuli malih katerangan ingkang nacad dhumateng titiyang kafir sarta ancaman Neraka dhateng titiyang musyrik!
2. Kakalihipun Surat Al Kahfi lan Maryam nyebataken sejarah ingkang 'ajaib, upami Al Kahfi, ambeberaken sejarahipun generasi-mudha Ashabulkahfi, sejarahipun Nabi Musa a.s. kaliyan Nabi Khidhir a.s. lan sejarah sawatawis Dzul Qurnain, dene wonten Surat Maryam mratelakaken sejarah miyosipun Nabi Yahya a.s. ing nalika ramanipun Nabi Zakaria a.s. sampun sepuh sanget, sarta Ibunipun ugi sampun sepuh sanget tur gabug, lan sejarah wiyosipun Nabi 'Isa a.s.

MARYAM

Surat kaping 19 : 98 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 58 lan 71 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Fathir.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Do'ane Nabi Zakaria a.s. nyuwun digadhuni momongan putra.

١. كٓهٰيٰعٓصٓ ۝

1. Kaaf Haa Yaa 'Aain Shaad (Hamung Allah pribadi kang Priksa maksude).

Kaaf Haa Yaa 'Aiin Shaad.

٢. ذِكْرُ رَحْمَتِ رَبِّكَ عَبْدَهٗ زَكَرِيَّا ۝

2. (Kang diwaca iki) nyaritakake Rahmating Pangeranira, kang kaparingake marang KawulaNe, yaiku Zakaria.

Dzikru rahmati rabbika 'abdahuu zakariyyaa

٣. اِذْ نَادٰى رَبَّهٗ نِدَآءً خَفِيًّا ۝

3. Nalika Zakaria andedo'a marang PangeraNe kalawan pando'a kang winadi melas asih kanthi lirih-lirih.

Idz naadaa rabbahuu nidaa-an khafiyyaa.

٤. قَالَ رَبِّ اِنِّيْ وَهَنَ الْعَظْمُ مِنِّيْ وَاشْتَعَلَ الرَّاْسُ شَيْبًا وَّلَمْ اَكُنْۢ بِدُعَآئِكَ رَبِّ شَقِيًّا ۝

4. Unjuke mangkene: "Dhuh Pangeran kawula! Saestunipun sampun pepes balung kawula jalaran dening sepuh, sarta sirah ugi sampun mabluk kebak uwan, hanamung sanajan makatena kawula dereng nate kuciwa-nalangsa ing salebeting dedonga kunjuk ing Paduka, dhuh Pangeran kawula!

Qaala rabbi innii wahanal 'azhmu minnii wasyta'alar ra'si syaibaw walam akun bidu'aa-ika rabbi syaqiyyaa.

٥ . وَإِنِّي خِفْتُ الْمَوَالِيَ مِنْ وَّرَآءِي وَكَانَتِ امْرَأَتِي عَاقِرًا فَهَبْ لِي مِنْ لَّدُنْكَ وَلِيًّا ٥

Wa innii khiftul mawaaliya miw waraa-ii wa kaanatim ra-atii 'aaqiran fahab lii milladunka waliyyaa.

5. Sarta saestunipun kawula kuwatos dhumateng ahli waris kawula (ajrih bilih boten leres anggenipun nyepeng Khilafah) sapengker kawula,[610] ing mangka simah kawula punika gabug. Jalaran saking punika, mugi Paduka paring dhumateng kawula anak waris ingkang rinilan saking ngarsa Paduka!

Nabi Zakaria a.s. kaleksanan pinaringan putra ingkang asma Yahya.

٦ . يَّرِثُنِي وَيَرِثُ مِنْ آلِ يَعْقُوبَ ۖ وَاجْعَلْهُ رَبِّ رَضِيًّا ٥

Yaritsunii wayaritsu min aali ya'quuba waj'alhu rabbi radhiyyaa.

6. "Ingkang badhe anampi warisan saking kawula tuwin saking kulawarga Ya'qub, sarta mugi Paduka dadosaken lare wau, lare ingkang kinarilan dhuh Pangeran kawula!".

٧ . يٰزَكَرِيَّآ إِنَّا نُبَشِّرُكَ بِغُلٰمِ اسْمُهُ يَحْيٰى لَمْ نَجْعَل لَّهُ مِنْ قَبْلُ سَمِيًّا ٥

Yaa zakariyyaa innaa nubasysyiruka bighulaami(n)ismuhuu yahyaa lam naj'al lahuu min qablu samiyyaa.

7. Dhawuhing Allah: "He Zakaria! Sanyata Ingsun paring pawarta bungah marang sira, manawa sira bakal Sun paringi anak arane Yahya. Sadurunge iku durung ana wong- siji-sijia kang Ingsun paringi jeneng kaya mangkono.

٨ . قَالَ رَبِّ أَنّٰى يَكُونُ لِي غُلٰمٌ وَّكَانَتِ امْرَأَتِي عَاقِرًا وَّقَدْ بَلَغْتُ مِنَ الْكِبَرِ عِتِيًّا ٥

Qaala rabbi annaa yakuunu lii ghulaamuw wa kaanatim-ra-atii 'aaqiraw waqad balaghtu minal kibari 'itiyyaa.

8. Zakaria munjuk: "Dhuh Pangeran kawula! Kados pundi teka kawula badhe gadhah anak, ing mangka simah kawula punika gabug, tuwin kawula sampun ndungkap sepuh sanget".

٩ . قَالَ كَذٰلِكَ ۖ قَالَ رَبُّكَ هُوَ عَلَيَّ هَيِّنٌ وَّقَدْ خَلَقْتُكَ مِنْ قَبْلُ وَلَمْ تَكُ شَيْئًا ٥

Qaala kadzaalik, qaala rabbuka huwa 'alayya hayyinuw waqad khalaqtuka min qablu walam taku syai-aa.

9. Jawabe Malaikat Jibril: "Mila leres perkawis punika, Pangeran sampeyan sampun dhawuh: "Perkara iku gampang tumrap-Ingsun, lan satemene Ingsun wus nitahake sira sadurunge Yahya, sarta sira durung dadi apa-apa".

610). Nabi Zakaria a.s. tansah kuwatos saking trah katurunanipun (putra wayah) boten wonten ingkang marisi nglajengaken Da'wah sarta Amar ma'ruf nahi munkar. Ingkang dados kaprihatosanipun kaleksanan, Gusti Allah paring momongan putra asma Yahya a.s.

10. Zakaria matur: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka paring pertandha dhumateng kawula". PangandikaNe Allah: "Tandhanira manawa sira wus ora bisa cecaturan kalawan manungsa telung bengi lawase, ing mangka sira waras-w ris ora bisu".

١٠ - قَالَ رَبِّ اجْعَلْ لِّيْٓ اٰيَةً ۗ قَالَ اٰيَتُكَ اَلَّا تُكَلِّمَ النَّاسَ ثَلٰثَ لَيَالٍ سَوِيًّا ۝

Qaala rabbij'al lii aayah, qaala aayatuka allaa tukalliman naasa tsalaatsa layaalin sawiyyaa.

11. Zakaria banjur metu marang kaume saka mihrab (kamar papan anggone munajat) sarta dheweke isyarat marang kaum-kaume: "Sira kabeh padha Shalata, maha nucekna Allah, saben esuk lan sore!".

١١ - فَخَرَجَ عَلٰى قَوْمِهٖ مِنَ الْمِحْرَابِ فَاَوْحٰٓى اِلَيْهِمْ اَنْ سَبِّحُوْا بُكْرَةً وَّعَشِيًّا ۝

Fakharaja 'alaa qaumihii minal muhraabi fa-auhaa ilaihim an sabbihuu bukrataw wa 'asyiyyaa.

Yahya kajumenengake dadi Nabi.

12. Pangandikane Allah marang Yahya: "He Yahya! Sira 'amalna Kitab Taurat iku kalawan temen-temen. Sarta Ingsun wus paring kawicaksanan marang Yahya wiwit isih bocah".

١٢ - يٰيَحْيٰى خُذِ الْكِتٰبَ بِقُوَّةٍ ۗ وَاٰتَيْنٰهُ الْحُكْمَ صَبِيًّا ۙ

Yaa yahyaa khudzil kitaaba biquwwah, wa aatainaahul hukma shabiyyaa.

13. Lan Ingsun paringi watak welasan saka ngarsanIngsun sarta karesikan suci saka dosa, lan Yahya iku wong kang ngabekti marang Pangeran.

١٣ - وَّحَنَانًا مِّنْ لَّدُنَّا وَزَكٰوةً ۗ وَكَانَ تَقِيًّا ۙ

Wa hanaanam milladunnaa wa zakaah, wa kaana taqiyyaa.

14. Sarta bekti marang wong tuwane loro, lan ora ambeg gumedhe sarta ora duraka.

١٤ - وَّبَرًّا ۢ بِوَالِدَيْهِ وَلَمْ يَكُنْ جَبَّارًا عَصِيًّا ۝

Wa barram biwaalidaihi walam yakun jabbaaran 'ashiyyaa.

15. Lan kaslametan tetep marang Yahya, ana ing dina nalika dilahirake, dina nalika matine, lan dina nalika ditangekake urip maneh!

١٥ - وَسَلٰمٌ عَلَيْهِ يَوْمَ وُلِدَ وَيَوْمَ يَمُوْتُ وَيَوْمَ يُبْعَثُ حَيًّا ۝

Wa salaamun 'alaihi yauma wulida wa yauma yamuutu wa yauma yub'atsu hayyaa.

Maryam anggarbini tanpa gepokan kakung.

16. Lan nyebutna sira Muhammad, ana ing Kitab Quraan, caritane Maryam, nalika dheweke misahake awake saka ahli-ahline marang sawetaning panggonan Desane!

١٦ - وَاذْكُرْ فِى الْكِتٰبِ مَرْيَمَ ۘ اِذِ انْتَبَذَتْ مِنْ اَهْلِهَا مَكَانًا شَرْقِيًّا ۙ

Wadzkur fil kitaabi maryama idzin tabadzat min ahlihaa makaanan syarqiyyaa.

17. Maryam nuli gawe aling-aling saka ahli-ahline. Ingsun nuli ngutus RohIngsun yaiku Jibril supaya nemoni Maryam, sarta tekane Jibril iku nyaru arupa manungsa kang sampurna!

١٧. فَاتَّخَذَتْ مِنْ دُوْنِهِمْ حِجَابًا ۖ فَاَرْسَلْنَآ اِلَيْهَا رُوْحَنَا فَتَمَثَّلَ لَهَا بَشَرًا سَوِيًّا ۝

Fattakhadzat min duunihim hijaabaa, fa-arsalnaa ilaihaa ruuhanaa fatamatstsala lahaa basyaran sawiyyaa.

18. Maryam ngucap: "Sayektosipun kula nyuwun reksa dhateng Ingkang Maha Mirah (sampun ngantos panjenengan nggodha ing kula) manawi panjenengan punika pancen tiyang ingkang taqwa".

١٨. قَالَتْ اِنِّيْٓ اَعُوْذُ بِالرَّحْمٰنِ مِنْكَ اِنْ كُنْتَ تَقِيًّا ۝

Qaalat innii a'uudzu birrahmaani minka in kunta taqiyyaa.

19. Jibril mangsuli: "Mugi sumerepa, sayektosipun kula punika Utusan saking ngarsaning Pangeran panjenengan, supados kula maringaken satunggaling putra jaler ingkang suci dhumateng panjenengan".

١٩. قَالَ اِنَّمَآ اَنَا رَسُوْلُ رَبِّكِ ۖ لِاَهَبَ لَكِ غُلٰمًا زَكِيًّا ۝

Qaala innamaa ana rasuulu rabbik, li-ahaba laki ghulaaman zakiyyaa.

20. Maryam mangsuli: "Kados pundi teka kula badhe gadhah anak, ing mangka boten wonten tiyang satunggal kemawon ingkang nggepok kula, sarta kula punika sanes tiyang estri awon!".

٢٠. قَالَتْ اَنّٰى يَكُوْنُ لِيْ غُلٰمٌ وَّلَمْ يَمْسَسْنِيْ بَشَرٌ وَّلَمْ اَكُ بَغِيًّا ۝

Qaalat annaa yakuunu lii ghulaamuw wa lam yamsasnii basyaruw walam aku baghiyyaa.

21. Wangsulane Jibril: "Leres mila makaten, ananging Allah Pangeran panjenengan sampun dhawuh: "Andadekake anak ora lantaran Bapa iku, tumrap Ingsun gampang, lan Ingsun andamel kang kaya mangkono iku supaya dadi tandha yekti PanguwasanIngsun marang para manungsa, lan dadi rahmat saka ngarsanIngsun. Sarta perkara nitahake 'Isa iku, perkara kang wus diputusake!".

٢١. قَالَ كَذٰلِكِ ۚ قَالَ رَبُّكِ هُوَ عَلَيَّ هَيِّنٌ ۚ وَلِنَجْعَلَهٗٓ اٰيَةً لِّلنَّاسِ وَرَحْمَةً مِّنَّا ۚ وَكَانَ اَمْرًا مَّقْضِيًّا ۝

Qaala kadzaalik, qaala rabbuka huwa 'alayya hayyin, wa linaj'alahuu aayatal linnaasi wa rahmatam minnaa, wa kaana amram maqdhiyyaa.

22. Satemah Maryam nuli anggarbini 'Isa, lan sawuse anggarbini iku, dheweke banjur sumingkir marang panggonan kang adoh.

٢٢. فَحَمَلَتْهُ فَانْتَبَذَتْ بِهٖ مَكَانًا قَصِيًّا ۝

Fahamalathu fantabadzat bihii makaanan qashiyyaa.

Wiyose Nabi 'Isa a.s.

23. Maryam nuli lunga ngadoh dhewe menyang sangisore wit kurma (jalaran krasa arep ambabarake putra) sarta ngucap : "Adhuh! mbok iya aku mati wae sadurunge kadadeyan iki, kareben dadine kahananku dilalekake lan ora disebut-sebut maneh".

٢٣. فَأَجَاءَهَا الْمَخَاضُ إِلَىٰ جِذْعِ النَّخْلَةِ ۚ قَالَتْ يَا لَيْتَنِي مِتُّ قَبْلَ هَٰذَا وَكُنتُ نَسْيًا مَّنسِيًّا ۝

Fa-ajaa-ahal makhaadhu ilaa jidz'in nakhlah, qaalat yaa laitanii mittu qabla haadzaa wa kuntu nasyam mansiyyaa.

24. Jibril nuli nguwuh saka papan kang sangisore: "Maryam, sampeyan sampun sisah, jalaran saestunipun Pangeran sampeyan sampun andamelaken kalen bening ingkang mili sangandhap sampeyan".

٢٤. فَنَادَاهَا مِن تَحْتِهَا أَلَّا تَحْزَنِي قَدْ جَعَلَ رَبُّكِ تَحْتَكِ سَرِيًّا ۝

Fanaadaahaa min tahtihaa allaa tahzanii qad ja'ala rabbuki tahtaki sariyyaa.

25. Lan suwawi ngeyoga wit kurma punika pener sampeyan, ing mangke rak ngruntuhaken woh kurma ingkang mateng dhateng sampeyan.

٢٥. وَهُزِّي إِلَيْكِ بِجِذْعِ النَّخْلَةِ تُسَاقِطْ عَلَيْكِ رُطَبًا جَنِيًّا ۝

Wa huzzii ilaiki bijidz'in nakhlati tusaaqith 'alaiki ruthaban janiyyaa.

26. Suwawi sami kadhahara woh kurma punika, tuwin ngunjuka toya, sarta prayogi manah ingkang gambira ageng ing penggalih, lan ambirat ingkang damel susahing manah, Manawi pinanggih tiyang ingkang pitaken, supados kajawab: "Satemene aku wus nadzar marang Pangeran kang Maha Murah kalawan Pasa mbisu, wiwit dina iki aku ora bakal cecaturan karo manungsa sapa wae!".

٢٦. فَكُلِي وَاشْرَبِي وَقَرِّي عَيْنًا ۖ فَإِمَّا تَرَيِنَّ مِنَ الْبَشَرِ أَحَدًا فَقُولِي إِنِّي نَذَرْتُ لِلرَّحْمَٰنِ صَوْمًا فَلَنْ أُكَلِّمَ الْيَوْمَ إِنسِيًّا ۝

Fakulii wasyrabii waqarrii 'ainaa, faimmaa tarayinna minal basyari ahadaa, faquulii innii nadzartu lirrahmaani shauman falan ukallimal yauma insiyyaa.

Maryam kadakwa tumindak zina, Nabi 'Isa a.s. kang ambelani Ibune.

27. Maryam nuli bali marang kaume kalawan ngemban putrane, kaume ngucap: "He Maryam! Yekti tekamu iki nggawa perkara kang mungkar banget".

٢٧. فَأَتَتْ بِهِ قَوْمَهَا تَحْمِلُهُ ۖ قَالُوا يَا مَرْيَمُ لَقَدْ جِئْتِ شَيْئًا فَرِيًّا ۝

Fa-atat bihii qaumahaa tahmiluh, qaaluu yaa maryamu laqad ji'ti syai-an fariyyaa.

28. He sadulure wadon Harun![604] Ramanira iku dudu wong ala, lan Ibunira iku hiya dudu cere mende.

٢٨. يَٰٓأُخْتَ هَٰرُونَ مَا كَانَ أَبُوكِ ٱمْرَأَ سَوْءٍ وَمَا كَانَتْ أُمُّكِ بَغِيًّا ۝

Yaa ukhta haaruuna maa kaana abuukim ra-á sau-iw wamaa kaanat ummuki baghiyyaa.

29. Maryam nuli isyarah marang kaume, supaya padha pitakon marang bayi mau, kaume nuli padha ngucap: "Kapriye apa aku kabeh bisa cecaturan karo bayi kang isih ana ing ngembanan?".

٢٩. فَأَشَارَتْ إِلَيْهِ ۖ قَالُوا۟ كَيْفَ نُكَلِّمُ مَن كَانَ فِى ٱلْمَهْدِ صَبِيًّا ۝

Fa-asyaarat ilaiih, qaaluu kaifa nukallimu man kaana fil mahdi shabiyyaa.

30. Dumadakan Bayi iku banjur mangsuli: "Satemene aku iki kawulaning Allah, PanjenengaNe kang maringi Kitab Taurat lan Injil marang aku, sarta PanjenengaNe kang ngangkat aku kawisuda dadi Nabi!".

٣٠. قَالَ إِنِّى عَبْدُ ٱللَّهِ ءَاتَىٰنِىَ ٱلْكِتَٰبَ وَجَعَلَنِى نَبِيًّا ۝

Qaala innii 'abdullaah, aataaniyal kitaaba waja'alanii nabiyyaa.

31. Lan PanjenengaNe iku kang wus andadekake aku, manungsa kang akeh manfa'ate ana ing sadhengah panggonan, sarta aku wus diwasiyati kudu nglakoni Shalat, lan aweh Zakat sasuwene aku isih urip.

٣١. وَجَعَلَنِى مُبَارَكًا أَيْنَ مَا كُنتُ وَأَوْصَٰنِى بِٱلصَّلَوٰةِ وَٱلزَّكَوٰةِ مَا دُمْتُ حَيًّا ۝

Waja'alanii mubaarakan aina maa kuntu wa aushaanii bishshalaati wazzakaati maa dumtu hayyaa.

32. Sarta aku wus diwasiyati supaya bekti marang Ibu, lan PanjenengaNe ora andadekake aku wong kang ambeg gumedhe lan duraka budi candhala.

٣٢. وَبَرًّۢا بِوَٰلِدَتِى وَلَمْ يَجْعَلْنِى جَبَّارًا شَقِيًّا ۝

Wa barram biwaalidatii walam yaj'alnii jabbaaran syaqiyyaa.

33. Lan kaslametan iku tetep marang aku ana ing dina rikala aku dilahirake, lan ing dina mangsane aku mati, sarta besuk ana ing dina mangsane aku katangekake urip maneh saka kubur.

٣٣. وَٱلسَّلَٰمُ عَلَىَّ يَوْمَ وُلِدتُّ وَيَوْمَ أَمُوتُ وَيَوْمَ أُبْعَثُ حَيًّا ۝

Wassalaamu 'alayya yauma wulid-tu wa yauma amuutu wa yauma ub'atsu hayyaa.

611). **Dening masyarakat Maryam ugi dipun sebat sarana tetembungan "sadherekipun estri Harun", sabab piyambakipun kaloká wanita sholeh kados sholehipun Nabi Harun a.s.**

34. Kang wus ngucap mangkono mau, yaiku 'Isa putrane Maryam, sarta iku pangucap kang bener, kang wong-wong mau padha padudon (ing bab kahanane 'Isa).

٣٤- ذٰلِكَ عِيسَى ابْنُ مَرْيَمَ ۚ قَوْلَ الْحَقِّ الَّذِي فِيهِ يَمْتَرُونَ ۝

Dzaalika 'iisabnu maryam, qaulal haqqil ladzii fiihi yamtaruun.

35. Ora pisan-pisan Allah ngarsakake mundhut putra, Maha Suci Allah saka peputra. Manawa Panjenengane karsa nitahake ing sawiji-wiji, PanjenengaNe mung ngendika: "Anaa", apa bae karsane banjur ana!

٣٥- مَا كَانَ لِلَّهِ أَنْ يَتَّخِذَ مِنْ وَلَدٍ ۖ سُبْحَانَهُ ۖ إِذَا قَضَىٰ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُ كُنْ فَيَكُونُ ۝

Maa kaanallaahi ay yattakhidza miw waladin subhaanah, idzaa qadhaa amran fa-innamaa yaquulu lahuu kun fayakuun.

36. Lan satemene Allah iku Pangeranku lan Pangeranira, jalaran saka iku, sira manembaha marang PanjenengaNe. Iki dalan kang jejeg!

٣٦- وَإِنَّ اللَّهَ رَبِّي وَرَبُّكُمْ فَاعْبُدُوهُ ۗ هٰذَا صِرَاطٌ مُسْتَقِيمٌ ۝

Wa innallaaha rabbii wa rabbukum fa'buduuh, haadzaa shiraatum mustaqiim.

Padha pasulayan ing perkara 'Isa a.s.

37. Golongan (Nasrani utawa Yahudi) banjur padha pasulayan ana ing kalangane, mula siksa kang banget larane kasadhiyakake tumrap wong kang padha kafir ngungkiri paseksen kang nyekseni ing dina kang gedhe banget pakewuhe.

٣٧- فَاخْتَلَفَ الْأَحْزَابُ مِنْ بَيْنِهِمْ ۖ فَوَيْلٌ لِلَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ مَشْهَدِ يَوْمٍ عَظِيمٍ ۝

Fakhtalafal akhzaabu mim bainihim, fawailul lilladziina kafaru mim masyhadi yaumin 'azhiim.

38. Temen cetha banget pangrungu lan pandelenge wong-wong mau ana ing dina nalika dheweke padha sowan marang ngarsanIngsun, nyata andadekake gumun, ananging wong-wong kang nganiaya ing dina iku ana sasar kang nyata mblasar.

٣٨- أَسْمِعْ بِهِمْ وَأَبْصِرْ ۙ يَوْمَ يَأْتُونَنَا لٰكِنِ الظَّالِمُونَ الْيَوْمَ فِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ۝

Asmi' bihim wa abshir yauma ya'tuunanaa laakinizh zhaalimuunal yauma fii dhalaalim mubiin.

39. Lan Muhammad sira ngelingna, supaya wong-wong padha wedi ing dina Hasrah, yaiku dinaning nalangsa, ing nalika wus diputusake papriksan, lan wong-wong mau ana ing Donya padha sembrana, lan ora padha percaya.

٣٩- وَأَنْذِرْهُمْ يَوْمَ الْحَسْرَةِ إِذْ قُضِيَ الْأَمْرُ وَهُمْ فِي غَفْلَةٍ وَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ۝

Wa andzirhum yaumal hasrati idz qudhiyal amru wahum fii ghiflatiw wahum laa yu'minuun.

٤٠. إِنَّا نَحْنُ نَرِثُ الْأَرْضَ وَمَنْ عَلَيْهَا وَإِلَيْنَا يُرْجَعُونَ ۝

40. Satemene Ingsun pribadi kang maris 611) Bumi iki lan wong sapa bae kang ana ing sadhuwure, lan mung marang ngarsan Ingsun pribadi dheweke bakal padha disowanake.

Innaa nahnu naritsul ardha waman 'alaihaa wa ilainaa yurja'uun.

Sejarahe Nabi Ibrahim a.s. lan Ramane!

٤١. وَاذْكُرْ فِي الْكِتَابِ إِبْرَاهِيمَ إِنَّهُ كَانَ صِدِّيقًا نَبِيًّا ۝

41. Lan nyebutna sira Muhammad ana ing Kitab Quraan, caritane Ibrahim. Satemene Ibrahim iku wong kang temen 612) tur dari Nabi.

Wadzkur fil kitaabi ibraahiim, innahuu kaana shiddiiqan nabiyyaa.

٤٢. إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ يَا أَبَتِ لِمَ تَعْبُدُ مَا لَا يَسْمَعُ وَلَا يُبْصِرُ وَلَا يُغْنِي عَنْكَ شَيْئًا ۝

42. Nalika Ibrahim matur marang Ramane: "Dhuh Rama! Kados pundi teka panjenengan nyembah dhumateng barang ingkang boten saged mireng lan boten saged sumerep, sarta boten saged ngalang-alangi siksaning Allah dhateng panjenengan.

Idz qaala li-abiihi yaa abati lima ta'budu maa laa yasma'u walaa yubshiru walaa yughnii 'anka syai-aa.

٤٣. يَا أَبَتِ إِنِّي قَدْ جَاءَنِي مِنَ الْعِلْمِ مَا لَمْ يَأْتِكَ فَاتَّبِعْنِي أَهْدِكَ صِرَاطًا سَوِيًّا ۝

43. Dhuh Rama! Sayektosipun kula sampun kaparingan 'ilmu ingkang dereng nate kaparingaken dhateng panjenengan. Jalaran saking punika mugi panjenengan kersaha manut ing kula, panjenengan tamtu kula tedahaken dhateng margi ingkang leres!

Yaa abati innii qad jaa-anii minal 'ilmi maalam ya'tika fattabi'nii ahdika shiraathan sawiyyaa.

٤٤. يَا أَبَتِ لَا تَعْبُدِ الشَّيْطَانَ إِنَّ الشَّيْطَانَ كَانَ لِلرَّحْمَٰنِ عَصِيًّا ۝

44. Dhuh Rama! Panjenengan sampun manembah ing syetan, jalaran saestunipun syetan punika duraka dhateng Pangeran ingkang Maha Murah.

Yaa abati laa ta'budisy syaithaan, innasy syaithaana kaana lirrahmaani 'ashiyyaa.

٤٥. يَا أَبَتِ إِنِّي أَخَافُ أَنْ يَمَسَّكَ عَذَابٌ مِنَ الرَّحْمَٰنِ فَتَكُونَ لِلشَّيْطَانِ وَلِيًّا ۝

45. Dhuh Rama! Saestunipun kula kuwatos manawi panjenengan ngantos kapatrapan siksa saking Pangeran ingkang Maha Murah temahan panjenengan dados rencangipun syetan.

---

612). Ingsun pribadi kang maris Bumi, artosipun sabakdanipun 'Alam Jagadrat punika risak benjing ing dinten Akhir, Gusti Allah piyambak ingkang Maha Langgeng, boten risak!

613). Maksudipun Nabi Ibrahim a.s. punika Nabi ingkang jujur, ngleresaken sadaya kawontenan ingkang ghaib saking ngarsanipun Allah SWT.

Yaa abati innii akhaafu ay yamassaka 'adzaabum minar rahmaani fatakuuna lisysyaithaani waliyyaa.

46. Ramane mangsuli: "Apa sira sengit marang pangeranku he Ibrahim! Satemene manawa sira ora gelem leren anggonira ngina marang pangeranku, yekti sira dak ranjam, lan nyingkira saka aku salawase aku urip".

٤٦- قَالَ أَرَاغِبٌ أَنْتَ عَنْ آلِهَتِي يَا إِبْرَاهِيمُ لَئِنْ لَمْ تَنْتَهِ لَأَرْجُمَنَّكَ وَاهْجُرْنِي مَلِيًّا ٥

Qaala araaghibun anta 'an aalihatii yaa ibraahiim, la-illam tantahi la-arjumannaka wahjurnii maliyyaa.

47. Wangsulane Ibrahim: "Kawilujengan mugi tetep ing panjenengan. Kula badhe nyuwunaken pangapunten Rama dhumateng Pangeran kagem panjenengan, jalaran saestunipun Pangeran kula punika Welas asih dhateng kula!"

٤٧- قَالَ سَلَامٌ عَلَيْكَ سَأَسْتَغْفِرُ لَكَ رَبِّي إِنَّهُ كَانَ بِي حَفِيًّا ٥

Qaala salaamun 'alaik, sa-astaghfiru laka rabbii, innahuu kaana bii hafiyyaa.

48. Pangandikane Ibrahim marang kaume: "Lan aku arep sumingkir saka sira kabeh lan saka barang kang padha sira sembah saliyane Allah, awit aku arep 'ibadah marang Pangeranku, muga-muga kalawan 'ibadah marang Pangeranku iku, aku ora dadi wong kang cilaka (kecewa)".

٤٨- وَأَعْتَزِلُكُمْ وَمَا تَدْعُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ وَأَدْعُو رَبِّي عَسَى أَلَّا أَكُونَ بِدُعَاءِ رَبِّي شَقِيًّا ٥

Wa a'tazilukum wamaa tad'uuna min duunillaahi wa ad'uu rabbii, 'asaa allaa akuuna bidu'aa-i rabbii syaqiyyaa.

49. Sawuse Ibrahim sumingkir adoh saka wong-wong mau, lan saka sesembahan saliyane Allah, dheweke nuli Ingsun paringi anak, yaiku Ishaq lan Ya'qub, sarta sakarone iku Ingsun angkat dadi Nabi.

٤٩- فَلَمَّا اعْتَزَلَهُمْ وَمَا يَعْبُدُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ وَهَبْنَا لَهُ إِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَكُلًّا جَعَلْنَا نَبِيًّا ٥

Falamma' tazalahum wamaa ya'buduuna min duunillaah, wahabnaa lahuu ishaaqa wa ya'quub, wa kullan ja'alnaa nabiyyaa.

50. Lan Ingsun paring sih marang anak-putune Ibrahim, Rahmat kawelasan sarta Ingsun dadekake pujian kang becik wong-wong mau, lan diluhurake ana ing antarane para Ahli-Agama.

٥٠- وَوَهَبْنَا لَهُمْ مِنْ رَحْمَتِنَا وَجَعَلْنَا لَهُمْ لِسَانَ صِدْقٍ عَلِيًّا ٥

Wa wahabnaa lahum mir rahmatinaa wa ja'alnaa lahum lisaana shidqin 'aliyyaa.

Sejarah para andika Nabi liya-liyane.

51. Lan nyebutna sira Muhammad! ana ing Kitab Quraan, caritane Musa. Satemene dheweke iku sawijining wong kang tulus atine lan dheweke iku dadi Utusan sarta dadi Nabi.

٥١- وَاذْكُرْ فِي الْكِتَابِ مُوسَى إِنَّهُ كَانَ مُخْلَصًا وَكَانَ رَسُولًا نَبِيًّا ٥

Wadzkur fil kitaabi muusaa innahuu kaana mukhlishaw wa kaana rasuulan nabiyyaa.

52. Lan Ingsun nimbali Musa saka arah tengene Gunung Sinai, lan Ingsun parek wawan pangandika kalawan Musa!

٥٢. وَنَادَيْنٰهُ مِنْ جَانِبِ الطُّوْرِ الْاَيْمَنِ وَقَرَّبْنٰهُ نَجِيًّا ۝

Wa naadainaahu min jaanibith thuuril aimani wa qarrabnaahu najiyyaa.

53. Lan Ingsun wus paring sih Rahmat kawelasan marang Musa minangka dadi rewange, yaiku sadulure Nabi Harun.

٥٣. وَوَهَبْنَا لَهٗ مِنْ رَّحْمَتِنَآ اَخَاهٗ هٰرُوْنَ نَبِيًّا ۝

Wa wahabnaa lahuu mir rahmatinaa akhaahu haaruuna nabiyyaa.

54. Lan sira caritakna Muhammad, ana ing Kitab Quraan, caritane Isma'il,[614] sanyatane dheweke iku wong kang tuhu ing janji, lan dheweke iku dadi Utusan lan dadi Nabi.

٥٤. وَاذْكُرْ فِى الْكِتٰبِ اِسْمٰعِيْلَ ۚ اِنَّهٗ كَانَ صَادِقَ الْوَعْدِ وَكَانَ رَسُوْلًا نَّبِيًّا ۝

Wadzkur fil kitaabi ismaa'iil, innahuu kaana shaadiqal wa'di wa kaana rasuulan nabiyyaa.

55. Lan dheweke mrintah marang ahli-ahline (umate) supaya nindakake Shalat lan aweh Zakat, lan dheweke iku direnani ana ing ngarsaning Pangerane.

٥٥. وَكَانَ يَاْمُرُ اَهْلَهٗ بِالصَّلٰوةِ وَالزَّكٰوةِ وَكَانَ عِنْدَ رَبِّهٖ مَرْضِيًّا ۝

Wa kaana ya'muru ahlahuu bishshalaati wazzakaati wa kaana 'inda rabbihii mardhiyyaa.

56. Lan sira caritakna Muhammad, ana ing Kitab Quraan, caritane Idris, sanyata dheweke iku sawijining wong kang setyatuhu, sarta dadi Nabi.

٥٦. وَاذْكُرْ فِى الْكِتٰبِ اِدْرِيْسَ ۚ اِنَّهٗ كَانَ صِدِّيْقًا نَّبِيًّا ۝

Wadzkur fil kitaabi idriis, innahuu kaana shiddiiqan nabiyyaa.

57. Lan Ingsun wus ngluhurake Nabi Idris ana ing panggonan kang mulya.

٥٧. وَّرَفَعْنٰهُ مَكَانًا عَلِيًّا ۝

Warafa'naahu makaanan 'aliyyaa.

58. Kabeh wong-wong kang wus kasebut mau, yaiku kang wus padha diparingi kani'matan dening Allah saka golongan Nabi-

٥٨. اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ اَنْعَمَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ مِّنَ النَّبِيّٖنَ مِنْ ذُرِّيَّةِ اٰدَمَ وَمِمَّنْ حَمَلْنَا مَعَ نُوْحٍ وَّمِنْ ذُرِّيَّةِ

614). Nabi Isma'il a.s. putra Nabi Ibrahim a.s. saking garwa Ibu Hajar, ingkang lajeng adedunung wonten Tanah Suci Mekkah. Inggih tedhak-turunipun Nabi Isma'il a.s. punika ingkang anurunaken Nabi Akhir Zaman Nabi Muhammad s.a.w. ingkang ngampil Kitab Suci Al-Quraan, ingkang sapunika nembe panjenengan waos punika! Mugi-mugi panjenengan pinaringan Berkah saking ngarsaning Allah, amin!

إِبْرٰهِيمَ وَإِسْرَآءِيلَ وَمِمَّنْ هَدَيْنَا وَاجْتَبَيْنَا ۚ إِذَا تُتْلٰى عَلَيْهِمْ ءَايٰتُ الرَّحْمٰنِ خَرُّوا سُجَّدًا وَبُكِيًّا ۩ ۝

Ulaa-ikal ladziina an'amallaahu 'alaihim minan nabiyyiina min dzurriyyati aadam, wa mimman hamalnaa ma'a nuuhin wamin dzurriyyati ibraahiima wa israaiila wa mimman hadainaa wajtabainaa, idzaa tutlaa 'alaihim aayaatur rahmaani kharruu sujjadaw wa bukiyyaa.

Nabi, saka anak turune Adam, lan anak-turune wong-wong kang Ingsun momotake Prahu kalawan Nuh, lan saka anak turune Ibrahim, lan Israil (Ya'qub), lan saka anak-turune wong kang wus Ingsun tuduhake sarta Ingsun pilih. Manawa diwacakake marang dheweke Ayat-Ayating Pangeran kang Maha Murah, wong-wong mau padha sumungkem sujud kalawan nangis!

٥٩. فَخَلَفَ مِنْ بَعْدِهِمْ خَلْفٌ أَضَاعُوا الصَّلٰوةَ وَاتَّبَعُوا الشَّهَوٰتِ فَسَوْفَ يَلْقَوْنَ غَيًّا ۝

Fakhalafa mim ba'di khalfun adhaa'ush-shalaata wattaba'usy syahawaati fasaufa yalqauna ghayyaa.

59. Sapungkure para Nabi lan umat kang saleh, tumuli katungka tekane kaum kang ninggal Shalat lan ala bebudene, sarta kasengsem nuruti hawa-nafsune, yekti dheweke bakal padha nemoni papa cintraka labet lakune kang ala.

٦٠. إِلَّا مَنْ تَابَ وَءَامَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَأُولٰٓئِكَ يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ وَلَا يُظْلَمُونَ شَيْـًٔا ۝

Illaa man taaba wa aamana wa 'amila shaalihan fa-ulaa-ika yadkhuluunal jannata walaa yuzhlamuuna syai-aa.

60. Kajaba wong kang padha tobat lan iman sarta nindakake 'amal-saleh, mesthi dheweke bakal padha lumebu ing Suwarga lan ora dikaniaya sathithik-thithika!

٦١. جَنّٰتِ عَدْنِ ۟ الَّتِى وَعَدَ الرَّحْمٰنُ عِبَادَهُ بِالْغَيْبِ ۚ إِنَّهُ كَانَ وَعْدُهُ مَأْتِيًّا ۝

Jannaati 'adni(n)illatii wa'adar rahmaanu 'ibaadahuu bil ghaiib, innahuu kaana wa'duhuu ma'tiyyaa.

61. Yaiku Suwarga 'Adn panggonan kang tetep langgeng, kang wus dijanjekake dening Pangeran kang Maha Murah marang para kawulaNe kalawan ghaib. Satemene PanjenengaNe iku ora nulayani, yekti apa janjiNe mesthi tekane (netepi).

٦٢. لَا يَسْمَعُونَ فِيهَا لَغْوًا إِلَّا سَلٰمًا ۖ وَلَهُمْ رِزْقُهُمْ فِيهَا بُكْرَةً وَعَشِيًّا ۝

Laa yasma'uuna fiihaa laghwan illaa salaamaa, walahum rizquhum fiihaa bukrataw wa 'asyiyyaa.

62. Ana ing Suwarga iku wong-wong mau ora krungu omongan ngayawara, kajaba sing ana mung kaslametan, sarta ana ing kono padha kaparingan rezeki saben esuk lan sore.

٦٣. تِلْكَ الْجَنَّةُ الَّتِى نُورِثُ مِنْ عِبَادِنَا مَنْ كَانَ تَقِيًّا ۝

Tilkal jannatul latii nuuritsu min 'ibaadinaa man kaana taqiyyaa.

63. Suwarga iku Ingsun warisake marang kawulanIngsun kang padha taqwa.

64. Jibril ngandika marang Nabi Muhammad: "Lan kula boten tumurun, kajawi kalayan dhawuhing Pangeran panjenengan. Hanamung kagunganipun Allah pribadi perkawis ingkang wonten ing sangajeng kula, sarta ingkang wonten ing wingking kula, sarta ingkang wonten ing antawisipun punika. Lan Pangeran panjenengan punika boten kasupen.

٦٤. وَمَا نَتَنَزَّلُ إِلَّا بِأَمْرِ رَبِّكَ ۖ لَهُ مَا بَيْنَ أَيْدِينَا وَمَا خَلْفَنَا وَمَا بَيْنَ ذَٰلِكَ ۚ وَمَا كَانَ رَبُّكَ نَسِيًّا ۝

Wamaa natanazzalu illaa bi-amri rabbika lahuu maa baina aidiinaa wamaa khalaqnaa wamaa baina dzaalik, wamaa kaana rabbuka nasiyyaa.

65. Panjenenganipun Pangeraning Langit lan Bumi, tuwin sadaya ingkang kumelip wonten ing saantawisipun. Jalaran saking punika jengandika mugi manembaha dhateng Panjenenganipun, lan kedah sabar wonten ing pangibadah dhateng Panjenenganipun. Punapa panjenengan mangertos Allah punika wonten ingkang nyameni (ingkang pantes dipun sembah-sembah)?".

٦٥. رَبُّ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا فَاعْبُدْهُ وَاصْطَبِرْ لِعِبَادَتِهِ ۚ هَلْ تَعْلَمُ لَهُ سَمِيًّا ۝

Rabbus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa fa'buduuhu wash-thabir li'ibaadih, ha! ta'lamu lahuu samiyyaa.

Pituwase wong kang ta'at ing Nabi, lan kosok-baline.

66. Lan manungsa kang ora iman bakal tangi saka kubur, ngucap: "Punapa manawi kula sampun pejah saestu badhe dipun wedalaken gesang malih?".

٦٦. وَيَقُولُ الْإِنسَانُ أَإِذَا مَا مِتُّ لَسَوْفَ أُخْرَجُ حَيًّا ۝

Wa yaquulul insaanu a-idzaa maa mittu lasaufa ukhraju hayyaa.

67. Apa para manungsa ora eling, nalika Ingsun anitahake dheweke sakawit, lan dheweke iku asale dudu apa-apa?

٦٧. أَوَلَا يَذْكُرُ الْإِنسَانُ أَنَّا خَلَقْنَاهُ مِن قَبْلُ وَلَمْ يَكُ شَيْئًا ۝

Awalaa yadzkurul insaanu annaa khalaqnaahu min qablu walam yaku syai-aa.

68. Demi Pangeranira, temen Ingsun bakal ngumpulake wong-wong mau, lan uga syetan-syetan, Ingsun nuli nekakake ana ing sakubenging Neraka Jahanam, dheweke padha ambrangkang!

٦٨. فَوَرَبِّكَ لَنَحْشُرَنَّهُمْ وَالشَّيَاطِينَ ثُمَّ لَنُحْضِرَنَّهُمْ حَوْلَ جَهَنَّمَ جِثِيًّا ۝

Fawa rabbika lanahsyurannahum wasy-syayaathiina tsumma lanuhdhirannahum haula jahannama jitsiyyaa.

69. Ingsun nuli ngetokake saka saben-saben golongan, endi kang luwih duraka marang Pangeran kang Maha Murah.

٦٩. ثُمَّ لَنَنزِعَنَّ مِن كُلِّ شِيعَةٍ أَيُّهُمْ أَشَدُّ عَلَى الرَّحْمَٰنِ عِتِيًّا ۝

Tsumma lananzi'anna min kulli syii'atin ayyuhum asyaddu 'alar rahmaani 'itiyyaa.

70. Ingsun banjur luwih Ngawuningani marang wong-wong kang luwih patut dilebokake ing Neraka Jahanam!

٧٠. ثُمَّ لَنَحْنُ أَعْلَمُ بِالَّذِينَ هُمْ أَوْلَى بِهَا صِلِيًّا ۝

Tsumma lanahnu a'lamu billadziina hum aulaa bihaa shiliyyaa.

71. Lan ora ana siji-sijiya saka sira kang duwe dosa, kajaba mesthi padha teka nyemplung marang Neraka Jahanam; iku hukuman kang wus katamtokake dening Pangeranira.

٧١. وَإِنْ مِنْكُمْ إِلَّا وَارِدُهَا ۚ كَانَ عَلَىٰ رَبِّكَ حَتْمًا مَقْضِيًّا ۝

Wa-im minkum illaa waariduhaa, kaana 'alaa rabbika hatmam maqdhiyyaa.

72. Ingsun nuli nylametake wong-wong kang padha taqwa, sarta Ingsun ninggalake wong-wong kang padha nganiaya ana ing Neraka Jahanam padha jengkeng.

٧٢. ثُمَّ نُنَجِّي الَّذِينَ اتَّقَوْا وَنَذَرُ الظَّالِمِينَ فِيهَا جِثِيًّا ۝

Tsumma nunajjil ladziinat taqauw wanadzaruzh zhaalimiina fiihaa jitsiyyaa.

73. Lan manawa wong-wong mau diwacakake marang Ayat-AyatIngsun kang prateia, wong-wong kafir ngucap marang wong kang iman: "Endi antarane rong golongan, Mu'min lan kafir iki, kang luwih becik pangkate, lan luwih becik panggonane?".

٧٣. وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ قَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِلَّذِينَ آمَنُوا أَيُّ الْفَرِيقَيْنِ خَيْرٌ مَقَامًا وَأَحْسَنُ نَدِيًّا ۝

Wa-idzaa tutlaa 'alaihim aayaatunaa bayyinaatin qaalal ladziina kafaruu lilladziina aamanuu ayyul fariiqaini khairam maqaamaw wa ahsanu nadiyyaa.

74. Wus ping pira wae anggon-Ingsun ngrusak umat biyen kang wus kapungkur sadurunge dheweke,[615] kang luwih akeh bandhane, lan luwih endah disawange!

٧٤. وَكَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِنْ قَرْنٍ هُمْ أَحْسَنُ أَثَاثًا وَرِئْيًا ۝

Wa kam ahlaknaa qablahum min qarnin hum ahsanu atsaatsaw wa ri'yaa.

75. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa wae kang kalebu ing sasar, yekti Pangeran kang Maha Murah andadekake umure kareben suwe anggone katliweng kasenengan Donya, nganti manawa wis padha sumurup kang dijanjekake marang dheweke, terkadhang

٧٥. قُلْ مَنْ كَانَ فِي الضَّلَالَةِ فَلْيَمْدُدْ لَهُ الرَّحْمَٰنُ مَدًّا ۚ حَتَّىٰ إِذَا رَأَوْا مَا يُوعَدُونَ إِمَّا الْعَذَابَ وَإِمَّا السَّاعَةَ ۚ فَسَيَعْلَمُونَ مَنْ هُوَ شَرٌّ مَكَانًا وَأَضْعَفُ جُنْدًا ۝

615). Ummat zaman kina ingkang ingkar dhumateng Allah SWT kadosta kaum Tsamud lan 'Aad.

iku siksa utawa Qiyamat, yekti dheweke bakal padha ngerti sapa kang luwih ala panggonane lan luwih apes balane kang mitulungi".

Qul man kaana fidh dhalaalati falyamdud lahur rahmaanu maddaa, hattaa idzaa ra-au maa yuu'aduuna immal 'adzaaba wa immaa saa'atu fasaya'lamuuna man huwa syarrum makaanaw wa adh'afu jundaa.

76. Lan Allah anambahi pituduh marang wong kang wus oleh pituduh, sarta 'amal shaleh pirang-pirang kang langgeng iku, luwih becik ganjarane ana ing ngarsa dalem Allah Pangeranira, lan luwih becik kawusanane!

٧٦. وَيَزِيدُ اللَّهُ الَّذِينَ اهْتَدَوْا هُدًى وَالْبَاقِيَاتُ الصَّالِحَاتُ خَيْرٌ عِنْدَ رَبِّكَ ثَوَابًا وَخَيْرٌ مَرَدًّا ۝

Wa yaziidullaahul ladziinah tadau hudaa, wal baaqiyaatush shaalihaatu khairun 'inda rabbika tsawaabaw wa khairum maraddaa.

77. Apa sira wus weruh Muhammad kahanane wong kafir kang maido ing Ayat-AyatIngsun?, lan dheweke ngucap: "Mesthi tan kena ora (manawa perkara kang disebut-sebut Muhammad ing Akherat iku bener) aku bakal kaparingan bandha lan anak".

٧٧. أَفَرَأَيْتَ الَّذِي كَفَرَ بِآيَاتِنَا وَقَالَ لَأُوتَيَنَّ مَالًا وَوَلَدًا ۝

Afara-aital ladzii kafara bi-aayaatinaa wa qaala la-uu tayanna maalaw wawaladaa.

78. Apa ta dheweke wus sumurup perkara ghaib, utawa apa dheweke wus duwe janji marang Pangeran kang Maha Murah?

٧٨. أَطَّلَعَ الْغَيْبَ أَمِ اتَّخَذَ عِنْدَ الرَّحْمَٰنِ عَهْدًا ۝

Aththala'al ghaiba amittakhadza 'indar rahmaani 'ahdaa.

79. Babar pisan ora! Ingsun bakal nulisi apa kang diucapake, lan Ingsun bakal nambah siksa tumrap dheweke.

٧٩. كَلَّا ۚ سَنَكْتُبُ مَا يَقُولُ وَنَمُدُّ لَهُ مِنَ الْعَذَابِ مَدًّا ۝

Kallaa, sanaktubu maa yaquuluu wa namuddu lahuu minal 'adzaabi maddaa.

80. Lan Ingsun bakal maris apa[616] kang diucapake ening dheweke, lan bakal sowan marang ngarsanIngsun dhewe thil!

٨٠. وَنَرِثُهُ مَا يَقُولُ وَيَأْتِينَا فَرْدًا ۝

Wa naritsuhuu maa yaquulu wa ya'tiinaa fardaa.

81. Lan wong-wong mau padha andadekake Pangeran saliyane Allah, supaya sesembahan-sesembahan mau ngalang-alangi dheweke saka siksa.

٨١. وَاتَّخَذُوا مِنْ دُونِ اللَّهِ آلِهَةً لِيَكُونُوا لَهُمْ عِزًّا ۝

Wattakhadzuu min duunillaahi aalihatal liyakuunuu lahum 'izzaa.

---

616). **Ingsun (Allah) badhe maris, maksudipun Gusti Allah ingkang badhe mundhut wangsulipun bandha lan anak-anakipun, dados anggenipun sowan ngadhep ngarsanipun Allah piyambakan kemawon!**

82. Babar pisan ora bisa! Sesembahan-sesembahan iku bakal ngungkiri ing pangibadahe wong-wong musyrik, lan ana ing Akherat dheweke bakal padha dadi satru bebuyutan!

٨٢ - كَلَّا ۚ سَيَكْفُرُونَ بِعِبَادَتِهِمْ وَيَكُونُونَ عَلَيْهِمْ ضِدًّا ۝

Kallaa, sayakfuruuna bi'ibaadatihim wa yakuunuuna 'alaihim dhiddaa.

83. Apa sira durung sumurup, yen satemene Ingsun wus ngutus syetan marang wong-wong kang padha kafir, nuli nyogok-nyogok wong-wong mau kareben tumindak duraka.

٨٣ - أَلَمْ تَرَ أَنَّا أَرْسَلْنَا الشَّيَاطِينَ عَلَى الْكَافِرِينَ تَؤُزُّهُمْ أَزًّا ۝

Alam tara annaa arsalnasy syayaathiina 'alal kaafiriina ta-uzzuhum azzaa.

84. Jalaran saka iku, sira Muhammad aja nyuwun enggal-enggal dheweke diparingi siksa, jalaran Ingsun ngetung dinaning nyiksa ing wong-wong mau kalayan etungan kang teliti!

٨٤ - فَلَا تَعْجَلْ عَلَيْهِمْ ۖ إِنَّمَا نَعُدُّ لَهُمْ عَدًّا ۝

Falaa ta'jal 'alaihim, innamaa na'uddu lahum 'addaa.

85. Sira ngelingana dinane Ingsun angumpulake wong-wong kang taqwa padha sowan marang ngarsaning Allah kang Maha Murah kalayan pasowanan kang kinurmatan!

٨٥ - يَوْمَ نَحْشُرُ الْمُتَّقِينَ إِلَى الرَّحْمَٰنِ وَفْدًا ۝

Yauma nahsyurul muttaqiina ilar-rahmaani wafdaa.

86. Lan Ingsun nggiring wong-wong kang dosa marang Neraka Jahanam kalawan ngelak!

٨٦ - وَنَسُوقُ الْمُجْرِمِينَ إِلَىٰ جَهَنَّمَ وِرْدًا ۝

Wa nasuuqul mujrimiina ilaa jahannama wirdaa.

87. Wong-wong mau ora padha entuk pitulung, kajaba wong kang wus perjanjian[617] ana ing ngarsaning Pangeran kang Maha Murah.

٨٧ - لَا يَمْلِكُونَ الشَّفَاعَةَ إِلَّا مَنِ اتَّخَذَ عِنْدَ الرَّحْمَٰنِ عَهْدًا ۝

Laa yamlikuunasy syafaa'ata illaa manit takhadza 'indar rahmaani 'ahdaa.

88. Lan wong-wong mau ngucap: "Pangeran kang Maha Murah mundhut putra!".

٨٨ - وَقَالُوا اتَّخَذَ الرَّحْمَٰنُ وَلَدًا ۝

Wa qaalut takhadzar rahmaanu waladaa.

89. Satemene yekti sira kabeh iku wus nekakake perkara kang ala banget (mungkare).

٨٩ - لَقَدْ جِئْتُمْ شَيْئًا إِدًّا ۝

Laqad ji'tum syai-an iddaa.

617). Ngawontenaken parjanjiyan wonten ing ngarsanipun Pangeran, artosipun ndherek sadaya dhawuhipun Allah kalayan iman sarta taqwa ing Allah.

٩٠- تَكَادُ السَّمٰوٰتُ يَتَفَطَّرْنَ مِنْهُ وَتَنْشَقُّ الْاَرْضُ وَ تَخِرُّ الْجِبَالُ هَدًّا ۝

Takaadus samaawaatu yatafaththarna minhu wa tansyaqqul ardhu wa takhrijul jibaalu haddaa.

90. Meh bae Langit iku sigar, jalaran dening ucapan kang ala mau, lan meh bae Bumi dadi kuwalik, sarta Gunung-gunung meh bae padha jugrug!

٩١- اَنْ دَعَوْا لِلرَّحْمٰنِ وَلَدًا ۝

An da'au lirrahmaani waladaa.

91. Jalaran dheweke padha nyebut, manawa Pangeran kang Maha Murah iku kagungan putra.

٩٢- وَمَا يَنْۢبَغِيْ لِلرَّحْمٰنِ اَنْ يَّتَّخِذَ وَلَدًا ۝

Wamaa yambaghii lirrahmaani ay yattakhidza waladaa.

92. Lan ora pantes banget Pangeran kang Maha Murah iku teka karsa mundhut putra.

٩٣- اِنْ كُلُّ مَنْ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ اِلَّآ اٰتِي الرَّحْمٰنِ عَبْدًا ۝

In kullu man fis samaawaati wal ardhi illaa aatir rahmaani 'abdaa.

93. Ora ana sawiji-wiji kang ana ing Langit lan Bumi, kajaba padha sowan marang ngarsaning Pangeran kang Maha Murah kanthi tuhu sumungkem anggone kumawula!

٩٤- لَقَدْ اَحْصٰىهُمْ وَعَدَّهُمْ عَدًّا ۝

Laqad ah-shaahum wa 'addahum 'addaa.

94. Satemene PanjenengaNe Allah kang Namtokake wilangane wong-wong iku lan PanjenengaNe kang Nguningani cacah wilangane sarana teliti.

٩٥- وَكُلُّهُمْ اٰتِيْهِ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فَرْدًا ۝

Wa kulluhum aatiihi yaumal qiyaamati fardaa.

95. Lan wong-wong mau kabeh padha sowan ing ngarsaning Allah ana ing dina Qiyamat dhewe-dhewe!

٩٦- اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ سَيَجْعَلُ لَهُمُ الرَّحْمٰنُ وُدًّا ۝

Innal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati sayaj'alu lahumur rahmaanu wuddaa.

96. Satemene wong-wong kang iman lan nindakake 'amal shaleh, yekti Pangeran kang Maha Murah arsa ndadekake wong-wong iku kinasihan.

٩٧- فَاِنَّمَا يَسَّرْنٰهُ بِلِسَانِكَ لِتُبَشِّرَ بِهِ الْمُتَّقِيْنَ وَتُنْذِرَ بِهٖ قَوْمًا لُّدًّا ۝

Fa innamaa yassarnaahu bilisaanika litubasysyira bihil muttaqiina wa tundziru bihii qauman luddaa.

97. Mangka satemene Ingsun wus anggampangake Quraan iku diwaca kalawan basanira, ing pamrih supaya bisa gawe bungahing ati sarana Quraan iku marang wong-

wong kang taqwa, lan supaya sira menehi pepeling ancaman tumrap wong kang mbangkang!

Fa-innamaa yassarnaahu bilisanika litubasysyira bihil muttaqiina wa tundzira bihii qaumal luddaa.

98. Lan wus pira bae kehe Ingsun nyirnakake umat-umat sadurunge ummatira, apa ana wong siji bae sing kulak warta adol prungon, krungu suwarane ummat mau kang lamat-lamat?

٩٨. وَكَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِّن قَرْنٍ هَلْ تُحِسُّ مِنْهُم مِّنْ أَحَدٍ أَوْ تَسْمَعُ لَهُمْ رِكْزًا ۝

Wa kam ahlaknaa qablahum min qarnin, haltuhissu minhum min ahadin au tasma'u lahum rikzaa.

***)

***). Sumangga para sutrisna, minangka panutuping katerangan wigatosipun nyinau-tandhingan (comperative study) saking surat Maryam lan surat Tha Ha antawisipun makaten:
1. Akhiring surat Maryam anjlentrehaken bilih Quraan punika resminipun sarana basa Arab (sapunika sampun katerjamah ing basa Sadonya, langkung saking 37 basa), ingkang jejering kuwajiban, ambebingah tiyang ingkang taqwa ing solah bawa sarta muna lan muni-nipun, sarta paring pepenget kanthi sanget dhumateng tiyang ingkang mblalo lan mbangkang sarta nduwa kaleresan! Dene ing surat Tha Ha dhawah ngiyataken!
2. Kekalihipun surat kasebat, sami-sami anerangaken sejarah tepa-palupi saking tindak dalem para andika Nabi dalah Kanjeng Rasul ingkang Jumeneng dados Guru-Jagadrat pramudita! Boten sami pamrih punapa-punapa, kajawi namung rinten-dalu tansah menggalih kawilujenganipun umat manungsa, ing Donya dumugining Akherat!

THAHA

Surat kaping 20 : 135 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 130 lan 131 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse Surat Maryam.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Tha Ha (Hamung Allah pribadi kang uninga maksude).

١ - طٰهٰ ۝

Thaahaa

2. AnggonIngsun nurunake Quraan marang sira Muhammad, ora murih nandhang cilaka!

٢ - مَآ اَنْزَلْنَا عَلَيْكَ الْقُرْاٰنَ لِتَشْقٰٓى ۝

Maa anzalnaa 'alaikal qur-aana litasyqaa.

3. Ananging Ingsun nurunake Quraan iku, ora liya supaya dadi pepeling tumrap wong kang taqwa, wedi marang Allah.

٣ - اِلَّا تَذْكِرَةً لِّمَنْ يَّخْشٰى ۝

Illaa tadzkiratal limay yakhsyaa.

4. Quraan iku tumurun saka ngarsaning Allah, Pangeran kang wus karya Bumi lan Langit-langit kang dhuwur!

٤ - تَنْزِيْلًا مِّمَّنْ خَلَقَ الْاَرْضَ وَالسَّمٰوٰتِ الْعُلٰى ۝

Tanziilam mimman khalaqal ardha was-samaawaatil 'ulaa.

5. PanjenengaNe Pangeran kang Maha Murah, kang pinarak siniwaka ana ing sadhuwure 'Arsy.[618]

٥ - اَلرَّحْمٰنُ عَلَى الْعَرْشِ اسْتَوٰى ۝

Arrahmaanu 'alal 'arsyis-tawaa.

6. Kagungane Allah kabeh kang ana ing Langit-langit lan kabeh kang ana ing Bumi, sarta kabeh kang ana ing saantarane, lan kabeh kang ana ing sangisoring pratala (wewengkon Bumi).

٦ - لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا وَمَا تَحْتَ الثَّرٰى ۝

618). **Kados pundi tehnis pinarakipun Gusti Allah ing sanginggiling 'Arsy punika kawontenan ghaib, boten saged kakantha-kantha. Bab punika kuwajiban kita iman sarta yakin bilih Kaagunganipun Allah sarta Kasucianipun trep kalayan anggenipun Maha Kawasa Murbeng - Jagad pinarak siniwaka ing 'Arsy ingkang Agung.**

Lahuu maa fis-samaawaati wamaa fil-ardhi wamaa bainahumaa wamaa tahtats tsaraa.

7. Lan manawa sira nyerokake suwaraning pangucap,[619] sayekti PanjenengaNe iku Nguningani kabeh wewadi (digawe wadi), lan kang luwih samar.

٧ - وَإِنْ تَجْهَرْ بِالْقَوْلِ فَإِنَّهُ يَعْلَمُ السِّرَّ وَأَخْفَى ٥

Wa-in tajhar bil qauli fa-innahuu ya'lamus sirra wa akhfaa.

8. PanjenengaNe Allah, ora ana Pepundhen kajaba amung PanjenengaNe piyambak, hiya PanjenengaNe Allah iku kang kagungan asma-asma kang becik!

٨ - اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ لَهُ الْأَسْمَاءُ الْحُسْنَىٰ ٥

Allaahu laa ilaaha illaa huwa, lahul asmaa-ul husnaa.

Nabi Musa a.s. nampa wahyu kang wiwitan.

9. Lan apa wus tumeka marang sira Muhammad, caritane Musa?

٩ - وَهَلْ أَتَاكَ حَدِيثُ مُوسَىٰ ٥

Wa hal ataaka hadiitsu muusaa.

10. Nalika Musa sumurup geni, nuli kandha marang ahline: "Sira padha lerema ana ing kene dhisik, jalaran satemene aku sumurup geni, muga-muga aku mengko bali marang sira mrene karo anggawa obor saka geni iku, utawa muga-muga mengko nemu scsuluh saka geni iku kang bisa nuduhake dalan!".

١٠ - إِذْ رَأَىٰ نَارًا فَقَالَ لِأَهْلِهِ امْكُثُوا إِنِّي آنَسْتُ نَارًا لَعَلِّي آتِيكُمْ مِنْهَا بِقَبَسٍ أَوْ أَجِدُ عَلَى النَّارِ هُدًى ٥

Idz ra-aa naaran faqaala li-ahlihim kutsuu innii aanastu naaral la'allii aatiikum minhaa biqabasin au ajidu 'alan naari hudaa.

11. Sawuse Musa tekan ing papaning geni iku, nuli ditimbali: "He Musa!".

١١ - فَلَمَّا أَتَاهَا نُودِيَ يَا مُوسَىٰ ٥

Falammaa ataahaa nuudiya yaa muusaa.

12. Satemene Ingsun iki Pangeranira, mara copoten trumpahira, jalaran satemene sira saiki ana jurang Thuwa yaiku tanah kang disucekake!

١٢ - إِنِّي أَنَا رَبُّكَ فَاخْلَعْ نَعْلَيْكَ إِنَّكَ بِالْوَادِ الْمُقَدَّسِ طُوًى ٥

Innii ana rabbuka fakhla' na'laika, innaka bil waadil muqaddasi thuwaa.

619). Suwanten sora salebeting ndedo'a punika boten dipun parengaken dening Agami, sabab Gusti Allah sampun Midhanget sadaya-do'a, sanaosa sarana pangucap atur ingkang sareh lan suwanten lirih sarta alon-alon.

13. Lan Ingsun wus milih sira dadi Rasul, mulane sira ngrungokna apa kang kadhawuhake marang sira.

١٣- وَأَنَا اخْتَرْتُكَ فَاسْتَمِعْ لِمَا يُوحَىٰ ۝

Wa anakh tartuka fastami' limaa yuuhaa.

14. Satemene Ingsun iki Allah, ora ana Pangeran Pepundhen, kajaba mung Ingsun pribadi. Jalaran saka iku sira manembaha marang Ingsun, sarta nindakna Shalat kanggo eling marang Ingsun.

١٤- إِنَّنِي أَنَا اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا أَنَا فَاعْبُدْنِي وَأَقِمِ الصَّلَاةَ لِذِكْرِي ۝

Innanii anallaahu laa ilaaha illaa ana fa'budnii, wa aqimish shalaata lidzikrii.

15. Yekti dina Qiyamat iku tan kena ora mesthi kelakon, pancen Sun gawe wadi dina Qiyamat iku kanggo males sakabehing awak jalaran laku kang wus ditindakake.

١٥- إِنَّ السَّاعَةَ آتِيَةٌ أَكَادُ أُخْفِيهَا لِتُجْزَىٰ كُلُّ نَفْسٍ بِمَا تَسْعَىٰ ۝

Innas saa'ata aatiyatun akaadu ukhfiihaa litujzaa kullu nafsim bimaa tas'aa.

16. Awit saka iku sira kabeh aja nganti kena dienggokake anggone iman marang Qiyamat dening wong-wong kang ora percaya marang dina iku, sarta dheweke mung padha manut hawa-nafsune, amrih sira banjur dadi rusak!

١٦- فَلَا يَصُدَّنَّكَ عَنْهَا مَنْ لَا يُؤْمِنُ بِهَا وَاتَّبَعَ هَوَاهُ فَتَرْدَىٰ ۝

Falaa yashuddannaka 'anhaa mallaa yu'minu bihaa wattaba'a hawaahu fatardaa.

Mu'jizate Nabi Musa a.s.

17. Lan apa kang ana ing tanganira tengen iku, he Musa?

١٧- وَمَا تِلْكَ بِيَمِينِكَ يَا مُوسَىٰ ۝

Wamaa tilka biyamiinika yaa muusaa.

18. Musa munjuk: "Punika teken kawula, ingkang sering kawula sendeki, sarta pirantos kawula angge anggepyok ron-ronan kangge tedha menda kawula, sarta teken wau taksih kathah kaperluan sanesipun malih tumrap kawula!"

١٨- قَالَ هِيَ عَصَايَ أَتَوَكَّأُ عَلَيْهَا وَأَهُشُّ بِهَا عَلَىٰ غَنَمِي وَلِيَ فِيهَا مَآرِبُ أُخْرَىٰ ۝

Qaala hiya 'ashaaya atawakka-uu 'alaihaa wa ahusysyu bihaa 'alaa ghanamii waliya fiihaa ma-aaribu ukhraa.

19. Allah dhawuh: "Mara uncalna tekenira iku, he Musa!"

١٩- قَالَ أَلْقِهَا يَا مُوسَىٰ ۝

Qaala alqihaa yaa muusaa.

20. Musa nuli nguncalake teken mau, dumadakan teken mau dadi ula ndlosor!

٢٠- فَأَلْقَاهَا فَإِذَا هِيَ حَيَّةٌ تَسْعَىٰ ۝

Fa-alqaahaa fa-idzaa hiya hayyatun tas'aa.

21. Allah dhawuh: "Mara jupuken, aja wedi. Ingsun bakal mbalekake teken iku marang kahanane kaya maune".

٢١- قَالَ خُذْهَا وَلَا تَخَفْ ۖ سَنُعِيدُهَا سِيرَتَهَا الْأُولَىٰ ۝

Qaala khudzhaa walaa takhaf, sanu'iiduhaa siiratahal uulaa.

22. Mara lebokna tanganira ana ing cangklakanira, tangan iku yekti dadi putih mencorong tanpa cacad, dadi mu'jizat tandha yekti liyane maneh.

٢٢- وَاضْمُمْ يَدَكَ إِلَىٰ جَنَاحِكَ تَخْرُجْ بَيْضَاءَ مِنْ غَيْرِ سُوءٍ آيَةً أُخْرَىٰ ۝

Wadhmum yadaka ilaa janaahika takhruj baidhaa-a min ghairi suu-in aayatan ukhraa.

23. Perlu Ingsun anggo meruhake ing sira marang sawenehe tandha-yektinIngsun kang agung!

٢٣- لِنُرِيَكَ مِنْ آيَاتِنَا الْكُبْرَى ۝

Linuriyaka min aayaatinal kubraa.

Nabi Musa kadhawuhan da'wah marang Raja Fir'aun.

24. Sira budhala da'wah marang Fir'aun, sanyata dheweke iku banget lacute".

٢٤ اذْهَبْ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ إِنَّهُ طَغَىٰ ۝

Idzhab ilaa fir'auna innahuu thaghaa.

25. Musa munjuk: "Dhuh Pangeran, pepundhen kawula! Mugi Paduka anjembarna 620) dhadha kawula".

٢٥- قَالَ رَبِّ اشْرَحْ لِي صَدْرِي ۝

Qaala rabbisy rahlii shadrii.

26. Tuwin mugi Paduka anggampilaken perkawis kawula.

٢٦- وَيَسِّرْ لِي أَمْرِي ۝

Wa yassirlii amrii.

27. Sarta mugi Paduka kepareng ngudari tangsul kitaling lidhah kawula.

٢٧- وَاحْلُلْ عُقْدَةً مِنْ لِسَانِي ۝

Wahlul 'uqdatam mil-lisaanii.

28. Supados piyambakipun sami mangertos wicanten kawula.

٢٨- يَفْقَهُوا قَوْلِي ۝

Yafqahuu qaulii.

29. Lan mugi Paduka ndadosaken ahli kawula minangka pembantu tumrap kawula.

٢٩- وَاجْعَلْ لِي وَزِيرًا مِنْ أَهْلِي ۝

Waj'al lii waziiram min ahlii.

620). Ngadhep Raja Fir'aun kedah wiyar penggalihipun pindha segara jembar bawera, sabab sampun kaloka tumindakipun sadis ambek siya sarta adigang adigung adiguna.

30. Inggih punika Harun, sadherek kawula piyambak.

٣٠- هٰرُوْنَ اَخِىْ ۙ

Haaruuna akhii.

31. Mugi Paduka ngiyataken dhateng kawula kaliyan piyambakipun, kuwawi mikul sesanggen punika.

٣١- اشْدُدْ بِهٖٓ اَزْرِىْ ۙ

Usydud bihii azrii.

32. Lan mugi Paduka ndadosaken piyambakipun ketungkul ambantu kawula wonten ing kuwajiban kawula.

٣٢- وَاَشْرِكْهُ فِىْٓ اَمْرِىْ ۙ

Wa asyrik-hu fii amrii.

33. Supados kawula sami maha nucekaken Paduka ingkang kathah.

٣٣- كَىْ نُسَبِّحَكَ كَثِيْرًا ۙ

Kai nusabbihaka katsiiraa,

34. Tuwin tansah enget dhumateng Paduka ingkang kathah.

٣٤- وَّنَذْكُرَكَ كَثِيْرًا ۗ

Wa nadzkuraka katsiiraa.

35. Saestunipun Paduka punika Nguninga-ni dhumateng kawula sami.

٣٥- اِنَّكَ كُنْتَ بِنَا بَصِيْرًا ۝

Innaka kunta binaa bashiiraa.

36. Allah ngandika: "Temen sira Ingsun kabulake panyuwunira iku, he Musa!.

٣٦- قَالَ قَدْ اُوْتِيْتَ سُؤْلَكَ يٰمُوْسٰى ۝

Qaala qad uutiita su'laka yaa muusaa.

37. Lan temen Ingsun wus paring kanugrahan sapisan maneh marang sira sadurunge iki.

٣٧- وَلَقَدْ مَنَنَّا عَلَيْكَ مَرَّةً اُخْرٰٓى ۙ

Walaqad manannaa 'alaika marratan ukhraa.

38. Yaiku ing nalika Ingsun paring ilham marang Ibunira sawijining ilham.

٣٨- اِذْ اَوْحَيْنَآ اِلٰٓى اُمِّكَ مَا يُوْحٰٓى ۙ

Idz auhainaa ilaa ummika maa yuuhaa.

39. Yaiku: "Supaya sira lebokna bayi (Musa) iku ana ing pethi, nuli kintirna ana ing bengawan, bayi iki ing mengko bakal kintir menyang pinggir, sarta bakal kajupuk dening mungsuhIngsun, lan mungsuhe bayi iku". Lan Ingsun paring sih kawelasan marang sira Musa,[621] supaya sira kinasihan, lan supaya digulawenthah kalawan pangreksaning-Sun.

٣٩- اَنِ اقْذِفِيْهِ فِى التَّابُوْتِ فَاقْذِفِيْهِ فِى الْيَمِّ فَلْيُلْقِهِ الْيَمُّ بِالسَّاحِلِ يَاْخُذْهُ عَدُوٌّ لِّىْ وَعَدُوٌّ لَّهٗ ۭ وَاَلْقَيْتُ عَلَيْكَ مَحَبَّةً مِّنِّىْ ۚ وَلِتُصْنَعَ عَلٰٓى عَيْنِىْ ۝

621). Artosipun sintena kemawon ningali bayi Musa wau manahipun dados melas lan trenyuh.

Aniqdzifiihi fit-taabuuti faqdzifiihi fil yammi falyulqihil yammu bis saahili ya'khudz-hu 'aduwwul lii wa 'aduwwul lah, wa alqaitu 'alaika mahabbatam minnii, walitushna'a 'alaa 'ainii.

40. Dhek samana sadulurira wadon pinuju mlaku, dheweke nuli matur: "Punapa panjenengan kersa kula tedahi tiyang ingkang saged nggulawenthah, tuwin nyesepi lare punika?". Ingsun nuli mbalekake sira marang Ibunira supaya atinira seneng sarta ora sedhih. Lan sira wus mateni sawijining wong,[622] Ingsun nuli nylametake sira saka kasusahan jalaran mateni iku. Lan Ingsun nyoba marang sira kalawan coba mawarna-warna, sira nuli manggon[623] ana ing Negara Madyan nganti pirang-pirang tahun lawase. Sira banjur bali maneh sawuse tekan mangsa kang wus Ingsun tamtokake[624] tumrap sira, he Musa!

٤٠. إِذْ تَمْشِيٓ أُخْتُكَ فَتَقُولُ هَلْ أَدُلُّكُمْ عَلَىٰ مَن يَكْفُلُهُۥ فَرَجَعْنَٰكَ إِلَىٰٓ أُمِّكَ كَيْ تَقَرَّ عَيْنُهَا وَلَا تَحْزَنَ ۚ وَقَتَلْتَ نَفْسًا فَنَجَّيْنَٰكَ مِنَ ٱلْغَمِّ وَفَتَنَّٰكَ فُتُونًا ۚ فَلَبِثْتَ سِنِينَ فِىٓ أَهْلِ مَدْيَنَ ثُمَّ جِئْتَ عَلَىٰ قَدَرٍ يَٰمُوسَىٰ ۝

Idz tamsyii ukhtuka fataquulu hal adullukum 'alaa may yakfuluh, faraja'naaka ilaa ummika kai taqarra 'ainuhaa walaa tahzan, wa qatalta nafsan fanajjainaaka minal ghammi wa fatannaaka futuunaa, falabits-ta siniina fii ahli mad-yana tsumma ji'ta 'alaa qadariy yaa muusaa.

41. Lan sira wus Ingsun pilih supaya nampa wahyu lan dadi UtusanIngsun.

٤١. وَٱصْطَنَعْتُكَ لِنَفْسِى ۝

Wash-thana'tuka linafsii.

Nabi Musa a.s. lan Harun a.s. budhal da'wah marang raja Fir'aun.

42. Sira budhala karo sedulurira kalawan ngampil tandha-yektinIngsun, lan sira sakarone aja kendhat - kendhat anggone eling marang Ingsun.

٤٢. ٱذْهَبْ أَنتَ وَأَخُوكَ بِـَٔايَٰتِى وَلَا تَنِيَا فِى ذِكْرِى ۝

Idzhab anta wa akhuuka bi-aayaatii walaa taniyaa fii dzikrii.

43. Sira sakarone padha budhala marang Fir'aun, jalaran dheweke iku banget lacute.

٤٣. ٱذْهَبَآ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ إِنَّهُۥ طَغَىٰ ۝

Idzhabaa ilaa fir'auna innahuu thaghaa.

44. Sira sakaro padha ngucapa marang Fir'aun nganggo basa kang andhap - asor, muga-muga dheweke gelem nampa pepeling, utawa krasa wedi".

٤٤. فَقُولَا لَهُۥ قَوْلًا لَّيِّنًا لَّعَلَّهُۥ يَتَذَكَّرُ أَوْ يَخْشَىٰ ۝

Faquulaa lahuu qaulal layyinal la'allahuu yatadzakkaru au yakhsyaa.

622). Ingkang dipun pejahi Nabi Musa a.s. punika tiyang Qibthi ingkang kekerengan kaliyan tiyang Bani Israil; mirsanana ayat 15 surat Al Qashas.

623). Nabi Musa a.s. dhateng nglemboro dumugi ing Madyan perlu ngungsi, kasandhunging rata dhawah begja, sabab kapundhut putra mantu Nabi Syu'aib a.s. kadhaupaken pikantuk salah satunggiling putra-putrinipun asma Shafurah lan mapan ing ngriku watawis sadasa tahun lajeng pindhah kundur dhateng Mesir.

624). Inggih punika wekdal ingkang sampun katamtokaken rawuh ing jurang (lembang) Thawa saperlu anampi Wahyu Ilahy lan kawisuda dados Rasul.

45. Sakarone padha munjuk: "Dhuh Gusti Allah Pangeran kula! Sayektosipun kula sami kuwatos manawi dipun pejahi, utawi nglangkungi wates anggenipun nganiaya dhateng kula sami!".

٤٥- قَالَا رَبَّنَآ إِنَّنَا نَخَافُ أَن يَفْرُطَ عَلَيْنَآ أَوْ أَن يَطْغَىٰ ٥

Qaala rabbanaa innanaa nakhaafu ay yafrutha 'alainaa au ay yath-ghaa.

46. Allah ngandika: "Sira sakarone aja wedi, awit satemene Ingsun anyartani ing sira sakarone, Ingsun nyembadani panuwunira lan Ingsun Priksa (solah-tingkahe Fir'aun).

٤٦- قَالَ لَا تَخَافَآ إِنَّنِى مَعَكُمَآ أَسْمَعُ وَأَرَىٰ ٥

Qaala laa takhaafaa innanii ma'akumaa asma'u wa araa.

47. Sira tekaa sakaloron nemonana marang Fir'aun, banjur ngucapa: "Sayektosipun kula kekalih punika Utusaning Pangeran panjenengan, saking punika mugi nguwalana tetiyang Bani Israil sarta kula kekalih, lan sampun panjenengan siksa.[625] Sayektosipun kula kekalih sowan ing panjenengan, kaliyan ambekta tandha-yekti saking Pangeran panjenengan. Lan karaharjan tetep dhumateng sintena tiyang ingkang manut pitedah!

٤٧- فَأْتِيَاهُ فَقُولَآ إِنَّا رَسُولَا رَبِّكَ فَأَرْسِلْ مَعَنَا بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ۖ وَلَا تُعَذِّبْهُمْ ۖ قَدْ جِئْنَٰكَ بِـَٔايَةٍ مِّن رَّبِّكَ ۖ وَٱلسَّلَٰمُ عَلَىٰ مَنِ ٱتَّبَعَ ٱلْهُدَىٰٓ ٥

Fa'tiyaahu faquulaa innaa rasuulaa rabbika fa-arsil ma'anaa banii israa-iil, walaa tu'adzdzibhum, qad ji'naaka bi-aayatim mir rabbik, wassalaamu 'alaa manit taba-'al hudaa.

48. Sayektosipun kula kekalih sampun kaparingan wahyu saking Pangeran, bilih siksa punika kapatrapaken dhateng tiyang ingkang anggorohaken para Utusan, tuwin ingkang sami mlengos!".[626]

٤٨- إِنَّا قَدْ أُوحِىَ إِلَيْنَآ أَنَّ ٱلْعَذَابَ عَلَىٰ مَن كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ ٥

Innaa qad uuhiya ilainaa annal 'adzaaba 'alaa man kadzdzaba watawallaa.

49. Fir'aun pitakon: "Sapa Pangeranira, he Musa!".[627]

٤٩- قَالَ فَمَن رَّبُّكُمَا يَٰمُوسَىٰ ٥

Qaala famar rabbukumaa yaa muusaa.

50. Musa mangsuli: "Wondene Pangeran kula, inggih punika Gusti Allah ingkang sampun paring dhumateng makhlukipun

٥٠- قَالَ رَبُّنَا ٱلَّذِىٓ أَعْطَىٰ كُلَّ شَىْءٍ خَلْقَهُۥ ثُمَّ هَدَىٰ ٥

625). Bani Israil wonten sangandhaping pemerintah Dinasti Fir'aun ing Negari Mesir, tansah dipun kuya-kuya sarta kerja paksan damel bangunan-bangunan ageng, dados budhak ingkang nistha. Pramila Nabi Musa a.s. lajeng nyuwun dipun merdikakaken sarta estu-estu mbangun ummatipun kenceng nindaken Agami lan manunggalaken Bangsa Israil ngadhepi Raja Fir'aun.

626). Maiben para Rasul tegesipun maiben piwucal lan pitedahing Agami; dene mlengos, punika artosipun boten maelu pimpinanipun para Rasul.

627). Makaten sasampunipun kadhawuhan dening Allah SWT supados da'wah dhumateng Raja Fir'aun, tumunten wawan rembag sarta soal-jawab kados ayat no. 49 salajengipun.

sadaya ingkang dados kabetahanipun, nunten Panjenenganipun paring pitedah". 628)

Qaala rabbunal ladzii a'thaa kulla syai-in khalqahuu tsumma hadaa.

51. Fir'aun pitakon: "Kapriye kahanane umat kang wus kapungkur?".

٥١ - قَالَ فَمَا بَالُ الْقُرُوْنِ الْأُوْلٰى ٥

Qaala famaa baalul quruunil uulaa.

52. Musa mangsuli: "Pangertosan perkawis punika namung wonten ing ngarsanipun Pangeran kawula, kaserat wonten ing Lauhil Mahfuzh. Pangeran kawula boten klintu, lan boten kasupen!".

٥٢ - قَالَ عِلْمُهَا عِنْدَ رَبِّيْ فِيْ كِتٰبٍ ۚ لَا يَضِلُّ رَبِّيْ وَ لَا يَنْسَى ۝

Qaala 'ilmuhaa 'inda rabbii fii kitaab, laa yadhillu rabbii walaa yansaa.

53. Panjenengane Pangeran kang wus nitahake Bumi iki gumelar kanggo sira kabeh, sarta Panjenengane wus andadekake pirang-pirang dalan ana ing Bumi kanggo sira kabeh, sarta Panjenengane nurunake banyu saka Langit. Ingsun nuli nuwuhake kalawan banyu mau sawarnaning thethukulan kang beda-beda, rupane!

٥٣ - الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ مَهْدًا وَّ سَلَكَ لَكُمْ فِيْهَا سُبُلًا وَّ أَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً ۚ فَأَخْرَجْنَا بِهٖٓ أَزْوَاجًا مِّنْ نَّبَاتٍ شَتّٰى ٥

Alladzii ja'ala lakumul ardha mahdaw wasalaka lakum fiihaa subulaw wa anzala minas samaa-i maa-an fa-akhrajnaa bihii azwaajam min nabaatin syattaa.

54. Sira kabeh padha mangana, lan padha angona raja-kayanira, satemene kang mangkono mau nyata dadi tandha-yekti tumrap wong-wong kang duwe akal.

٥٤ - كُلُوْا وَارْعَوْا أَنْعَامَكُمْ ۚ إِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّأُولِي النُّهٰى ۝ ع ٢

Kuluu war'au an'aamakum, inna fii dzaalika la-aayaatil li-ulin nuhaa.

55. Saka Bumi iku, Ingsun wus nitahake sira kabeh, lan ana ing Bumi kono Ingsun bakal ambalekake sira kabeh, lan saka ing kono Ingsun bakal ngetokake sira sapisan maneh.

٥٥ - مِنْهَا خَلَقْنٰكُمْ وَ فِيْهَا نُعِيْدُكُمْ وَ مِنْهَا نُخْرِجُكُمْ تَارَةً أُخْرٰى ٥

Minhaa khalaqnaakum wa fiihaa nu'iidu kum wa minhaa nukhrijukum taaratan ukhraa.

56. Lan satemene Ingsun wus meruhake marang Fir'aun Ayat-AyatIngsun, nanging dheweke anggorohake, lan ora gelem nampa kabeneran.

٥٦ - وَ لَقَدْ أَرَيْنٰهُ اٰيٰتِنَا كُلَّهَا فَكَذَّبَ وَ أَبٰى ٥

Wa laqad arainaahu aayaatinaa kullahaa fakadzdzaba wa-abaa.

---

628). **Gusti Allah paring pitedah dhumateng sadaya makhlukipun lumantar 'akal, instinct (naluri) sarta kodrat 'alam lingkunganipun, supados saged nglestantunaken kawilujenganipun ing bebrayan sami, sarta mbangun kabudayan-kabudayan insani. Pramila manungsa kedah makarya lan manembah sarta dhedhepe ing Allah, amrih tata tentrem kerta-raharja wiwit ing Donya dumugining Akherat, sowan ngadhep ing ngarsanipun Gusti Pepundhening para manungsa, Allah SWT!**

Nabi Musa a.s. nungkulake para ahli sihir negara Mesir.

57. Fir'aun ngucap: "Apa sira teka mrene iki neja nundhung aku saka Negaraku nganggo sihirira iku, he Musa!".

٥٧- قَالَ أَجِئْتَنَا لِتُخْرِجَنَا مِنْ أَرْضِنَا بِسِحْرِكَ يٰمُوسٰى ٥

Qaala aji'tanaa litukhrijanaa min ardhinaa bisihrika yaa muusaa.

58. Temen aku uga bakal nekakake para ahli sihir marang sira kanggo nandhingi. Jalaran saka iku, mara padha gawea parjanjian kang ora kena disulayani dening aku, lan sira, ana ing panggonan kang adil nyata!".

٥٨- فَلَنَأْتِيَنَّكَ بِسِحْرٍ مِّثْلِهٖ فَاجْعَلْ بَيْنَنَا وَبَيْنَكَ مَوْعِدًا لَّا نُخْلِفُهٗ نَحْنُ وَلَآ أَنْتَ مَكَانًا سُوًى ٥

Falana'tiyannaka bisihrim mitslihii faj'al bainanaa wa bainaka mau'idal laa nukhlifuhuu nahnu walaa anta makaanan suwaa.

59, Musa mangsuli: "Parjanjian panjenengan wonten ing dintenipun macak wekdal Riyadi, lan supados para tetiyang kathah sami kaklempakaken sadaya wonten ing wekdal enjang Dhuha!".

٥٩- قَالَ مَوْعِدُكُمْ يَوْمُ الزِّيْنَةِ وَأَنْ يُّحْشَرَ النَّاسُ ضُحًى ٥

Qaala mau'idukum yaumuz ziinati wa ayyuhsyaran naasu dhuhaa.

60. Fir'aun nuli mungkur saka papan kono, banjur ngatur pangreka dayane, nuli teka ing dina parjanjiyan mau.

٦٠- فَتَوَلّٰى فِرْعَوْنُ فَجَمَعَ كَيْدَهٗ ثُمَّ أَتٰى ٥

Fatawallaa fir'aunu fajama'a kaidahuu tsumma ataa.

61. Musa ngucap marang wong-wong mau: "Cilaka sira kabeh, sira aja padha gawe gegorohan marang Allah, mundhak sira mengko kapatrapan siksa dening Pangeran, lan kapitunan temenan wong kang gawe gegorohan!".

٦١- قَالَ لَهُمْ مُّوْسٰى وَيْلَكُمْ لَا تَفْتَرُوْا عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا فَيُسْحِتَكُمْ بِعَذَابٍ ۚ وَقَدْ خَابَ مَنِ افْتَرٰى ٥

Qaala lahum muusaa wailakum laa taftaruu 'alallaahi kadziban fayus-hitakum bi'adzaab, waqad khaaba maniftaraa.

62. Para ahli sihire Fir'aun padha padudon perkarane wong-wong mau, sarta padha sesidheman anggone padha rembugan.

٦٢- فَتَنَازَعُوْٓا أَمْرَهُمْ بَيْنَهُمْ وَأَسَرُّوا النَّجْوٰى ٥

Fatanaaza'uu amrahum bainahum wa asarrun najwaa.

63. Para ahli sihir ngucap: "Satemene wong loro Musa lan Harun iku genah ahli sihir kang arep nundhung sira saka Buminira sarana sihire, lan neja arep ngilangi dedalaning Agamanira kang utama".

٦٣- قَالُوٓا۟ إِنْ هَٰذَٰنِ لَسَٰحِرَٰنِ يُرِيدَانِ أَن يُخْرِجَاكُم مِّنْ أَرْضِكُم بِسِحْرِهِمَا وَيَذْهَبَا بِطَرِيقَتِكُمُ ٱلْمُثْلَىٰ ۝

Qaaluu in hadzaani lasaahiraani yuriidaani ay yukhrijaakum min ardhikum bisihrihimaa wa yadzhabaa bithariiqa tikumul mutslaa.

64. "Jalaran saka iku sira padha ngumpulna kabeh ahli sihir, lan reka daya, banjur tekaa kalawan pacak baris. Satemene dina iku bakal begja wong kang menang!".

٦٤- فَأَجْمِعُوا۟ كَيْدَكُمْ ثُمَّ ٱئْتُوا۟ صَفًّا ۚ وَقَدْ أَفْلَحَ ٱلْيَوْمَ مَنِ ٱسْتَعْلَىٰ ۝

Fa-ajmi'uu kaidakum tsumma'tuu shaffaa, waqad aflahal yauma manis ta'laa.

65. Wong-wong ahli sihir mau ngucap: "He Musa! Panjenengan rumiyin ingkang nguncalaken teken, punapa kula rumiyin ingkang nguncalaken?".

٦٥- قَالُوا۟ يَٰمُوسَىٰٓ إِمَّآ أَن تُلْقِىَ وَإِمَّآ أَن نَّكُونَ أَوَّلَ مَنْ أَلْقَىٰ ۝

Qaaluu yaa musaa immaa an tulqiya wa immaa an nakuuna awwala man alqaa.

66. Musa mangsuli: "Sira padha nguncalna dhisik!", bareng wong-wong iku nguncalake, dumadakan tali sarta tekene wong-wong mau katon dening Musa kaya padha lumaku, sabab kagawa saka sihir-sihire.

٦٦- قَالَ بَلْ أَلْقُوا۟ ۖ فَإِذَا حِبَالُهُمْ وَعِصِيُّهُمْ يُخَيَّلُ إِلَيْهِ مِن سِحْرِهِمْ أَنَّهَا تَسْعَىٰ ۝

Qaala bal alquu, fa-idzaa hibaaluhum wa 'ishiyyuhum yukhayyalu ilaihi min sihrihim annahaa tas'aa.

67. Musa krasa wedi nratab ana ing sajeroning atine.

٦٧- فَأَوْجَسَ فِى نَفْسِهِۦ خِيفَةً مُّوسَىٰ ۝

Fa-aujasa fii nafsihii khiifatam muusaa.

68. Ingsun dhawuh: "Sira Musa, aja nratab wedi, jalaran sira kang luwih unggul!".

٦٨- قُلْنَا لَا تَخَفْ إِنَّكَ أَنتَ ٱلْأَعْلَىٰ ۝

Qulnaa laa takhaf innaka antal a'laa.

69. Lan uncalna kang ana ing tangan tengenira iku, ing mengko bakal nguntal kabeh kang digawe dening wong-wong mau, jalaran satemene kang padha digawe iku pangreka dayane ahli sihir, lan ahli sihir iku ora bakal begja, sanajan saka ing ngendi bae tekane.

٦٩- وَأَلْقِ مَا فِى يَمِينِكَ تَلْقَفْ مَا صَنَعُوٓا۟ ۖ إِنَّمَا صَنَعُوا۟ كَيْدُ سَٰحِرٍ ۖ وَلَا يُفْلِحُ ٱلسَّاحِرُ حَيْثُ أَتَىٰ ۝

Wa alqi maa fii yamiinika talqaf maa shana'uu, innamaa shana'uu, kaidu saahirin walaa yuflihus saahiru haitsu ataa.

Para ahli sihire Fir'aun malah padha iman.

70. Para ahli sihire Fir'aun (sawuse tekene Musa diuncalake lan nguntali kabeh sihirane mau) tumuli padha anjungkel sujud kalawan ngucap: "Kula sadaya sami iman pitados dhumateng Pangeranipun Harun lan Musa!"

٧٠. فَأُلْقِيَ السَّحَرَةُ سُجَّدًا قَالُوٓا اٰمَنَّا بِرَبِّ هٰرُوْنَ وَمُوْسٰى ۝

Fa-ulqiyas saharatu sujjadan qaaluu aamannaa birabbi haaruuna wa muusaa.

71. Fir'aun ngucap: "Apa sira padha iman marang Musa, sadurunge ingsun paring palilah? Yen mangkono genah Musa iku yekti jejunggul pemimpinmu kang mulang sihir marang sira. Temen ingsun bakal ngethok tangan, lan sikilira kaselang-seling, lan yekti ingsun penthang ana ing wit kurma, lan temen sira bakal sumurup, apa Fir'aun apa Pangerane Musa, kang luwih banget panyiksane lan luwih langgeng!".

٧١. قَالَ اٰمَنْتُمْ لَهٗ قَبْلَ اَنْ اٰذَنَ لَكُمْ ۗ اِنَّهٗ لَكَبِيْرُكُمُ الَّذِيْ عَلَّمَكُمُ السِّحْرَ ۚ فَلَاُقَطِّعَنَّ اَيْدِيَكُمْ وَاَرْجُلَكُمْ مِّنْ خِلَافٍ وَّلَاُصَلِّبَنَّكُمْ فِيْ جُذُوْعِ النَّخْلِ ۗ وَلَتَعْلَمُنَّ اَيُّنَآ اَشَدُّ عَذَابًا وَّاَبْقٰى ۝

Qaala aamantum lahuu qabla an aadzana lakum, innahuu lakabiirukumul ladzii 'allamakumus sihr, fala-uqaththi'anna aidiyakum wa arjulakum min khilaafiw wala-ushalli bannakum fii judzuu'in nakhli wa lata'lamunna ayyunaa asyaddu 'adzaabaw wa abqaa.

72. Para ahli sihir munjuk: "Kula sadaya sami boten badhe milih panjenengan Fir'aun, lan boten badhe nilar saking katerangan ingkang nyata perkawis ingkang sampun dumugi dhateng kula sami, sarta Pangeran ingkang sampun anitahaken kula sami. Jalaran saking punika, sumangga yen panjenengan badhe mutusi sakersa panjenengan, jalaran kuwaos panjenengan rak namung matrapaken paukuman punika wonten ing Donya mriki!".

٧٢. قَالُوْا لَنْ نُّؤْثِرَكَ عَلٰى مَا جَآءَنَا مِنَ الْبَيِّنٰتِ وَالَّذِيْ فَطَرَنَا فَاقْضِ مَآ اَنْتَ قَاضٍ ۗ اِنَّمَا تَقْضِيْ هٰذِهِ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا ۝

Qaaluu lan nu'tsiraka 'alaa maa jaa-anaa minal bayyinaati walladzii fatharanaa faqdhi maa anta qaadhin, innamaa taqdhii haadzihil hayaatad dun-yaa.

73. Saestunipun kita sampun iman pitados dhumateng Pangeran kita, supados Panjenenganipun paring ngapunten sadaya kalepatan kula, sarta paring ngapunten ing prekawis ingkang sampun panjenengan peksakaken dhumateng kita inggih punika sihir. Dene Allah punika ingkang langkung sae ganjaranIpun, tur ingkang langkung tetep siksanIpun".

٧٣. اِنَّآ اٰمَنَّا بِرَبِّنَا لِيَغْفِرَ لَنَا خَطٰيٰنَا وَمَآ اَكْرَهْتَنَا عَلَيْهِ مِنَ السِّحْرِ ۗ وَاللّٰهُ خَيْرٌ وَّاَبْقٰى ۝

Innaa aamannaa birabbinaa liyaghfira lanaa khathaayaanaa wamaa akrahtanaa 'alaihi minas sihr, wallaahu khairuw wa abqaa.

74. Satemene wong kang sowan marang PangeraNe nandhang dosa, mangka Neraka Jahanam disadhiyakake tumrap dheweke, ana ing kono ora mati, lan ora urip.[629]

٧٤- إِنَّهُۥ مَن يَأْتِ رَبَّهُۥ مُجْرِمًا فَإِنَّ لَهُۥ جَهَنَّمَ لَا يَمُوتُ فِيهَا وَلَا يَحْيَىٰ ۝

Innahuu may ya'ti rabbahuu mujriman fa-inna lahuu jahannam, laa yamuutu fiihaa walaa yahyaa.

75. Dene wong kang sowan marang ngarsaNe kanthi iman sarta wus nindakake laku becik, mangka dheweke iku bakal padha anduweni pangkat luhur ana ing Suwarga.

٧٥- وَمَن يَأْتِهِۦ مُؤْمِنًا قَدْ عَمِلَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَأُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمُ ٱلدَّرَجَٰتُ ٱلْعُلَىٰ ۝

Wamay ya'tihii mu'minan qad 'amilash shaalihaati fa-ulaa-ika lahumud darajatul 'ulaa.

76. Yaiku Suwarga 'Adn panggonan langgeng, kang ing sangisore ana kali-kaline sing padha mili, ana ing kono wong-wong mau tetep langgeng. Lah hiya kaya mangkono iku piwales ganjarane wong-wong kang nyucekake awake saka kafir lan laku dosa.

٧٦- جَنَّٰتُ عَدْنٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا ۚ وَذَٰلِكَ جَزَٰٓؤُا۟ مَن تَزَكَّىٰ ۝

Jannaatu 'adnin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa, wa dzaalika jazaa-u man tazakkaa.

Bani Israil bebas mardika!

77. Lan temen Ingsun wus paring wahyu marang Musa: "Sira mangkata ana ing waktu bengi karo para kawulanIngsun Bani Israil, wong-wong mau nuli gawekna dalan kang garing ana ing Sagara. Lan sira ora usah kuwatir wedi kacandhak Fir'aun, lan ora usah kuwatir kerem ing Segara.[630]

٧٧- وَلَقَدْ أَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنْ أَسْرِ بِعِبَادِى فَٱضْرِبْ لَهُمْ طَرِيقًا فِى ٱلْبَحْرِ يَبَسًا لَّا تَخَٰفُ دَرَكًا وَلَا تَخْشَىٰ ۝

Wa laqad auhainaa ilaa muusaa an asri bi'ibaadii fadhrib lahum thariiqan fil-bahri yabasaa, laa takhaafu darakaw walaa takhsyaa.

78. Fir'aun, lan wadyabalane nuli nututi Musa lan kaume nanging ing kono Segara nuli ngelem Fir'aun sawadyabalane satemah kelem kabeh ana ing Segara iku.

٧٨- فَأَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ بِجُنُودِهِۦ فَغَشِيَهُم مِّنَ ٱلْيَمِّ مَا غَشِيَهُمْ ۝

Fa-atba'ahum fir'aunu bijunuudihii fa-ghasyiyahum minal yammi maa ghasyiyahum.

---

629). Boten pejah, supados tetep ngraosaken sakitipun siksa; boten gesang, supados manawi gesang malih lajeng saged tobat ing Donya.

630). Mu'jizat (pangeram-eram)-ipun Nabi Musa a.s. sarana dhawuh lan izining Allah, Seganten Abrit dipun gebag sarana tekenipun, dumadakan lajeng piyak dados margi ageng (kados dene Jakarta by pass) ingkang garing tur radin ing satengahing Seganten wau. Mirsanana ayat 63 surat Asy Syu'araa.

79. Lan Fir'aun wus klakon nyasarake kaume, nanging ora bisa nuduhake.

٧٩- وَأَضَلَّ فِرْعَوْنُ قَوْمَهُ وَمَا هَدٰى ۝

Wa adhalla fir'aunu qaumahuu wamaa hadaa.

80. He Bani Israil! Sanyata Ingsun wus nylametake sira kabeh saka mungsuhira lan Ingsun wus anjanji marang sira kabeh supaya tumeka ing gigiring Gunung sisih tengen perlu munajad,631) lan Ingsun wus nurunake Manna (madu) lan Salwa (manuk gemak) kanggo panganira.

٨٠- يٰبَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ قَدْ أَنجَيْنٰكُمْ مِّنْ عَدُوِّكُمْ وَوٰعَدْنٰكُمْ جَانِبَ الطُّورِ الْأَيْمَنَ وَنَزَّلْنَا عَلَيْكُمُ الْمَنَّ وَالسَّلْوٰى ۝

Yaa banii israa-iila qad anjainaakum min 'aduwwikum wa waa'ad naakum jaanibath thuuril aimana wa nazzalnaa 'alaikumul manna wassalwaa.

81. Sira padha mangana rezeki kang wus Ingsun paringake marang sira pilihana kang becik-becik, lan poma dipoma sira aja padha ngliwati wates, sabab yen nganti mangkono sira bakal tampa dedukanIngsun. Lan sing sapa tampa dedukanIngsun, yekti dheweke kacemplung ing Neraka.

٨١- كُلُوا مِن طَيِّبٰتِ مَا رَزَقْنٰكُمْ وَلَا تَطْغَوْا فِيهِ فَيَحِلَّ عَلَيْكُمْ غَضَبِى ۚ وَمَن يَحْلِلْ عَلَيْهِ غَضَبِى فَقَدْ هَوٰى ۝

Kuluu min thayyibaati maa razaqnaakum walaa tath-ghau fiihi fayahilla 'alaikum ghadhabii, wamay yahlil 'alaihi ghadhabii faqad hawaa.

82. Lan satemene Ingsun Maha Ngapura marang wong kang gelem tobat, lan iman apa dene nindakake laku beçik, mesthi banjur oleh pituduh.

٨٢- وَإِنِّى لَغَفَّارٌ لِّمَن تَابَ وَءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحًا ثُمَّ اهْتَدٰى ۝

Wa innii laghaffaaral liman taaba wa aamana wa 'amila shaalihan tsummahtadaa.

83. Lan apa kang nyababake sira kasusu nunggal marang kaumira, he Musa!

٨٣- وَمَآ أَعْجَلَكَ عَن قَوْمِكَ يٰمُوسٰى ۝

Wamaa a'jalaka 'an qaumika yaa muusaa.

84. Musa matur: "Tiyang-tiyang wau wonten ing wingking kawula, dene anggen kawula enggal-enggal sowan ngadhep wonten ngarsa Paduka punika, supados Paduka tambah rena, dhuh Pangeran kawula!".

٨٤- قَالَ هُمْ أُولَآءِ عَلَىٰٓ أَثَرِى وَعَجِلْتُ إِلَيْكَ رَبِّ لِتَرْضٰى ۝

Qaala hum uulaa-i 'alaa atsarii wa 'ajiltu ilaika rabbi litardhaa.

631). Munajat utawi konsentrasi raos, fikiran, karsa sarta nenuwun sarana do'a dhumateng Ingkang Maha Kuwaos Allah SWT, kados ingkang katindaken dening Nabi Musa a.s. punika tumindak Utama kangge ummatipun Bani Israil, lajeng hasil kaparingan Kitab Taurat, nalika wonten ing pareden Sinai (Thursina).

Samiri tumindak cidra.

85. Allah ngandika: "Satemene Ingsun wus nyoba marang kaumira saungkurmu sira budhal menyang Gunung, nuli wong-wong mau disasarake dening Samiri".[632]

٨٥- قَالَ فَإِنَّا قَدْ فَتَنَّا قَوْمَكَ مِنْ بَعْدِكَ وَأَضَلَّهُمُ السَّامِرِيُّ ٥

Qaala fa-innaa qad fatannaa qaumaka mim ba'dika wa adhallahumus saamiriy.

86. Sawuse Musa bali marang kaume, katon muring-muring lan sedhih, nuli ngucap: "He kaumku! Apa Pangeranira durung janji marang sira kalawan janji kang becik? Utawa, apa jalaran wus kasuwen mangsane sira pepisahan karo aku? Utawa, apa sira pancen duwe karep supaya katiban sapudhendhaning Pangeranira, lah kok sira banjur nyulayani parjanjiyanku?".

٨٦- فَرَجَعَ مُوسَىٰ إِلَىٰ قَوْمِهِ غَضْبَانَ أَسِفًا ۚ قَالَ يَا قَوْمِ أَلَمْ يَعِدْكُمْ رَبُّكُمْ وَعْدًا حَسَنًا ۚ أَفَطَالَ عَلَيْكُمُ الْعَهْدُ أَمْ أَرَدْتُمْ أَنْ يَحِلَّ عَلَيْكُمْ غَضَبٌ مِنْ رَبِّكُمْ فَأَخْلَفْتُمْ مَوْعِدِي ٥

Faraja'a muusaa ilaa qaumihii ghadhbaana asifaa, qaala yaa qaumi alam ya'idkum rabbukum wa'dan hasanaa, afathaala 'alaikumul 'ahdu am arad-tum ay yahilla 'alaikum ghadhabum mir rabbikum fa-akhlaftum mau'idii.

87. Kaume mangsuli: "Kula sami nyulayani janji panjenengan punika sanes saking kajeng kula piyambak, nanging kula sami dipun bebani tanggel jawab momotan dosa-dosa saking pepaes kaumipun Fir'aun, pepaes wau lajeng kula uncalaken dhateng latu. Makaten ugi Samiri inggih nguncalaken pepaesipun".[633]

٨٧- قَالُوا مَا أَخْلَفْنَا مَوْعِدَكَ بِمَلْكِنَا وَلَٰكِنَّا حُمِّلْنَا أَوْزَارًا مِنْ زِينَةِ الْقَوْمِ فَقَذَفْنَاهَا فَكَذَٰلِكَ أَلْقَى السَّامِرِيُّ ٥

Qaaluu maa akhlafnaa mau'idaka bimalkinaa walaakinnaa hummilnaa auzaaram min ziinatihil qaumi faqadzafnaahaa fakadzaalika alqas saamiriy.

88. Samiri nuli ngetokake pedhet emas dituduhake Bani Israil, sarta bleger awake digawe anak sapi (pedhet) lan bisa nyuwara kaya suwarane sapi, gedibale Samiri nuli ngucap: "Iki Pangeranira lan Pangerane Musa, ananging Musa wus lali!".

٨٨- فَأَخْرَجَ لَهُمْ عِجْلًا جَسَدًا لَهُ خُوَارٌ فَقَالُوا هَٰذَا إِلَٰهُكُمْ وَإِلَٰهُ مُوسَىٰ فَنَسِيَ ٥

Fa-akhraja lahum 'ijlan jasadal lahuu khuwaarun faqaaluu haadzaa ilaahukum wa illahu muusaa fanasiya.

632). Samiri punika tiyang saking trah Assamirah ugi Bani Israil. Mirsanana ayat 148 surat Al 'Araaf, Juz 9.

633). Nyambet katerangan no. 624, dening Samiri sabagean Bani Israil sami nggega anjuranipun supados pepaes-pepaes saking titiyang Mesir, dipun bucal kaoncalaken ing latu, salebeting bolongan supados saged kadamel reca brahala ingkang arupi Pedhet emas, lajeng kasembah-sembah sarta dipun suwuni berkahipun!

89. Apa wong-wong mau ora sumurup yen anak-sapi mau ora bisa mangsuli pangucape wong-wong mau, sarta ora kuwasa nolak bebaya, lan ora bisa aweh manfa'at kang tumrap marang dheweke?

٨٩ - اَفَلَا يَرَوْنَ اَلَّا يَرْجِعُ اِلَيْهِمْ قَوْلًا ۙ وَّلَا يَمْلِكُ لَهُمْ ضَرًّا وَّلَا نَفْعًا ۝

Afalaa yarauna allaa yarji'u ilaihim qaulaw walaa yamliku lahum dharraw walaa naf'aa.

90. Lan satemene Harun wus ngandhani marang dheweke sadurunge Musa teka: "He kaumku! Satemene sira wus difitnah dening anak-sapi iku, lan satemene Pangeranira iku kang Maha Murah, mula sira padha manuta ing Agamaku, lan manuta marang printah-ku!".

٩٠ - وَلَقَدْ قَالَ لَهُمْ هٰرُوْنُ مِنْ قَبْلُ يٰقَوْمِ اِنَّمَا فُتِنْتُمْ بِهٖ ۚ وَاِنَّ رَبَّكُمُ الرَّحْمٰنُ فَاتَّبِعُوْنِيْ وَاَطِيْعُوْٓا اَمْرِيْ ۝

Walaqad qaala lahum haaruunu min qablu yaa qaumi innamaa futintum bih, wa inna rabbakumur rahmaanu fattabi-'uunii wa athii'uu amrii.

91. Wong-wong mau mangsuli: "Kula sami boten badhe kendel nyembah anak-sapi punika, ngantos Musa rawuh malih dhateng kula sadaya".

٩١ - قَالُوْا لَنْ نَّبْرَحَ عَلَيْهِ عٰكِفِيْنَ حَتّٰى يَرْجِعَ اِلَيْنَا مُوْسٰى ۝

Qaaluu lan nabraha 'alaihi 'aakifiina hattaa yarji'a ilainaa muusaa.

92. Musa ngucap: "He Harun! Apa kang ngalang-alangi sira nalika sira sumurup wong-wong mau wis padha kasasar?".

٩٢ - قَالَ يٰهٰرُوْنُ مَا مَنَعَكَ اِذْ رَاَيْتَهُمْ ضَلُّوْٓا ۙ

Qaala yaa haaruunu maa mana'aka idz ra-aitahum dhalluu.

93. Nganti sira ora enggal-enggal nyusul aku nerangake kamusyrikane wong-wong mau? Apa pancen sira anjarag anyulayani dhawuhku?".

٩٣ - اَلَّا تَتَّبِعَنِ ۭ اَفَعَصَيْتَ اَمْرِيْ ۝

Allaa tattabi'an, afa'ashaita amrii.

94. Wangsulane Harun: "He putrane Ibu! Sira aja nyekeli jenggotku, lan aja nyekel sirahku. Sanyata aku kuwatir yen sira nganti ngucap mangkene: "He Harun! Satemene sira wus misahake kaum Bani Israil, lan sira ora gelem ngrungokake omongku luwih dhisik!".

٩٤ - قَالَ يَبْنَؤُمَّ لَا تَاْخُذْ بِلِحْيَتِيْ وَلَا بِرَاْسِيْ ۚ اِنِّيْ خَشِيْتُ اَنْ تَقُوْلَ فَرَّقْتَ بَيْنَ بَنِيْٓ اِسْرَاۗءِيْلَ وَلَمْ تَرْقُبْ قَوْلِيْ ۝

Qaala yabna-umma laa ta'khudz bilih-yatii walaa bira'sii, innii khasyiitu an taquula farraqta baina banii israa-iila walam tarqub qaulii.

Samiri kapatrapan siksa.

95. Musa ngandika: "Apa kang nyebabake sira nyembah anak-sapi iku, he Samiri?".

٩٥- قَالَ فَمَا خَطْبُكَ يٰسَامِرِيُّ ۝

Qaala famaa khathbuka yaa saamiriy.

96. Ature Samiri: "Kawula sumerap satunggaling perkawis ingkang boten kasumerepan dening tiyang-tiyang kathah, kawula lajeng ngepel siti sakepel saking tipak tapakipun Malaikat Jibril, lajeng kula jejelaken dhateng cangkeming anak-lembu, wekdal punika lajeng saged nyuwanten, kados lembu sayektos. 634) Lah kados makaten hardaning hawa-nafsu kawula sampun memaesi kawula damel lelampahan punika".

٩٦- قَالَ بَصُرْتُ بِمَا لَمْ يَبْصُرُوا بِهٖ فَقَبَضْتُ قَبْضَةً مِّنْ اَثَرِ الرَّسُوْلِ فَنَبَذْتُهَا وَكَذٰلِكَ سَوَّلَتْ لِيْ نَفْسِيْ ۝

Qaala bashurtu bimaa lam yabshuruu bihii faqabadh-tu qabdhatam min atsarir rasuuli fanabadz-tuhaa wa kadzaalika sawwalat lii nafsii.

97. Musa ngucap marang Samiri: "Sira lungaa, aja mrene maneh salawase urip. Mangka satemene kanggo piwalesira ana ing panguripan Donya sira mung bisa ngucap: "Aja nyenggol karo aku", (Sira aja awor kalawan sawiji-wiji manungsa, lan sira ora kena dicampuri dening sapa bae). Lan yekti sira ora bisa nyelaki bakal siksa paukuman ing Akherat. Lan delengen Pangeranira kang salawase sira sembah anak-sapi; yekti Ingsun bakal ngobong, sarta awune bakal dak sawur-sawurake ana ing telenging Segara.

٩٧- قَالَ فَاذْهَبْ فَاِنَّ لَكَ فِي الْحَيٰوةِ اَنْ تَقُوْلَ لَا مِسَاسَ ۚ وَاِنَّ لَكَ مَوْعِدًا لَّنْ تُخْلَفَهٗ ۚ وَانْظُرْ اِلٰٓى اِلٰهِكَ الَّذِيْ ظَلْتَ عَلَيْهِ عَاكِفًا ۚ لَّنُحَرِّقَنَّهٗ ثُمَّ لَنَنْسِفَنَّهٗ فِي الْيَمِّ نَسْفًا ۝

Qaala fadzhab fa-inna laka fil hayaati an taquula laa misaasa wa inna laka mau'idal lan tukhlafah, wanzhur ilaa ilaahikal ladzii zhalta 'alaihi 'aakifaa, lanuharriqannahuu tsumma lanan-nahuu fil yammi nasfaa.

98. Satemene Pangeranira iku Allah, kang ora ana Pangeran kajaba PanjenengaNe piyambak, kang jembar ngelmune nglimputi marang kabeh perkara".

٩٨- اِنَّمَآ اِلٰهُكُمُ اللّٰهُ الَّذِيْ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ وَسِعَ كُلَّ شَيْءٍ عِلْمًا ۝

Innamaa ilaahukumul laahul ladzii laa ilaaha illaa huwa, wasi'a kulla syai-in 'ilmaa.

Tepa palupi saka sejarah umat jaman kuna.

99. Kaya mangkono Ingsun nyaritakake marang sira Muhammad, saka sejarahe umat-umat kang wus kapungkur, Lan temen Ingsun wus paring marang sira pitutur ing Quraan saka ngarsanIngsun.

٩٩- كَذٰلِكَ نَقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ اَنْۢبَآءِ مَا قَدْ سَبَقَ ۚ وَقَدْ اٰتَيْنٰكَ مِنْ لَّدُنَّا ذِكْرًا ۝

Kadzaalika naqushshu 'alaika min ambaa-i maa qad sabaq, waqad aatainaaka mil ladunnaa dzikraa.

634). Saweneh Ulama Tafsir, anerangaken bilih tapaking Rasul punika maksudipun piwucalipun Nabi Musa sabagean dipun angge, sabagean sanes dipun bucal, dados lajeng kisruh, boten murni malih lan boten jangkep-wetah; pramila Samiri lajeng kapatrapan siksa ing Donya kapencil gesang piyambakan, ugi ing Akherat kasiksa ing Neraka Jahanam.

100. Sing sapa malengos saka Quraan, temen dheweke ana ing dina Qiyamat bakal anggendhong dosa.

١٠٠- مَنْ أَعْرَضَ عَنْهُ فَإِنَّهُ يَحْمِلُ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ وِزْرًا ۙ

Man a'radha 'anhu fa-innahuu yahmilu yaumal qiyaamati wizraa.

101. Ana ing kono padha langgeng, lan ala temen gendhongane wong-wong mau ana ing dina Qiyamat.

١٠١- خٰلِدِيْنَ فِيْهِ ۭ وَسَاۗءَ لَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ حِمْلًا ۙ

Khaalidiina fiih, wasaa-a lahum yaumal qiyaamati himlaa.

102. Ana ing dinane slompret disebul, Ingsun bakal ngumpulake kabeh wong kang dosa kalawan rahi-rahine padha katon biru erem!

١٠٢- يَّوْمَ يُنْفَخُ فِي الصُّوْرِ وَنَحْشُرُ الْمُجْرِمِيْنَ يَوْمَىِٕذٍ زُرْقًا ۙ

Yauma yunfakhu fish shuuri wa nahsyurul mujrimiina yauma-idzin zurqaa.

103. Dheweke padha pating klesik cacarita marang kancane: "Sira urip ana ing Donya iku ora liya mung kaya sepuluh dina".

١٠٣- يَّتَخَافَتُوْنَ بَيْنَهُمْ اِنْ لَّبِثْتُمْ اِلَّا عَشْرًا ۝

Yatakhaafatuuna bainahum il-labitstum illaa 'asyraa.

104. Ingsun luwih Nguningani sakabehe kang padha diucapake, nalika wong kang luwih utama dalane saka wong-wong iku ngucap: "Sira urip ana ing Donya iku ora liya mung kaya sadina!" 635)

١٠٤- نَحْنُ اَعْلَمُ بِمَا يَقُوْلُوْنَ اِذْ يَقُوْلُ اَمْثَلُهُمْ طَرِيْقَةً اِنْ لَّبِثْتُمْ اِلَّا يَوْمًا ۝

Nahnu a'lamu bimaa yaquuluuna idz yaquulu amtsaluhum thariiqatan il-labits-tum illaa yaumaa.

Kahanan ing dina Qiyamat.

105. Lan dheweke padha pitakon marang sira Muhammad bab kahanane Gunung-Gunung ana ing dina Qiyamat. Dhawuha sira: "Bakal diawur-awura dening Pangeranku kadadekake lebu kang mawur.

١٠٥- وَيَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ الْجِبَالِ فَقُلْ يَنْسِفُهَا رَبِّيْ نَسْفًا ۝

Wa yas-aluunaka 'anil jibaali faqul yansifuhaa rabbii nasfaa.

106. Banjur katemahane Bumi iku dadi rata alus ngenthak-enthak.

١٠٦- فَيَذَرُهَا قَاۗعًا صَفْصَفًا ۝

Fayadzaruhaa qaa'an shafshafaa.

107. Sira ora sumurup ing Bumi kono ana kang mendhak lan ana kang mendhukul.

١٠٧- لَّا تَرٰى فِيْهَا عِوَجًا وَّلَآ اَمْتًا ۝

Laa taraa fiihaa 'iwajaw walaa amtaa.

635). "Ingkang langkung utami marginipun", maksudipun tiyang ingkang leres fikiranipun utawi amalanipun saking tiyang ingkang sami nandhang dosa.

108. Apa ing dina iku, dheweke padha manut marang kang ajak-ajak 636) kanthi tumungkul ora salewengan, lan kabeh sarupaning suwara padha meneng krana andhap-asor marang Pangeran kang Maha Murah, nganti sira Muhammad ora krungu, kajaba mung swara kang kleset-kleset wae.

١٠٨- يَوْمَئِذٍ يَتَّبِعُونَ الدَّاعِيَ لَا عِوَجَ لَهُ ۖ وَخَشَعَتِ الْأَصْوَاتُ لِلرَّحْمَٰنِ فَلَا تَسْمَعُ إِلَّا هَمْسًا ۝

Yauma-idziy yattabi'uunad daa'ii laa 'iwajalah, wa khasya'atil ashwaatu lir-rahmaani walaa tasma'u illaa hamsaa.

109. Ana ing dina iku sakabehing pitulung (syafa'at) 637) wus ora maedahi, kajaba pitulung (syafa'at) marang wong kang wus kaparingan palilah dening Pangeran kang Maha Murah, lan diridhani pangucape.

١٠٩- يَوْمَئِذٍ لَا تَنفَعُ الشَّفَاعَةُ إِلَّا مَنْ أَذِنَ لَهُ الرَّحْمَٰنُ وَرَضِيَ لَهُ قَوْلًا ۝

Yauma-idzil laa tanfa'usy syafaa'atu illaa man adzina lahur rahmaanu wa radhiya lahuu qaulaa.

110. PanjenengaNe Nguningani kabeh kang ana ing sangarepe wong-wong mau, (kang wus klakon) lan sakabehing barang kang ana ing saburine (durung klakon), sarta ilmune wong-wong mau ora bisa nglimputi ilmune Allah.

١١٠- يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِهِ عِلْمًا ۝

Ya'lamu maa baina aidiihim wamaa khalfahum walaa yuhiithuuna bihii 'ilmaa.

111. Lan sakabehing rahi padha konjem sujud marang Pangeran kang Sugeng lan kang Jumeneng-pribadi, lan yekti padha kapitunan wong kang nindakake kazhaliman.

١١١- وَعَنَتِ الْوُجُوهُ لِلْحَيِّ الْقَيُّومِ ۖ وَقَدْ خَابَ مَنْ حَمَلَ ظُلْمًا ۝

Wa'anatil wujuuhu lilhayyil qayyuum, waqad khaaba man hamala zhulmaa.

112. Lan sapa kang nindakake amal-amal kang shaleh sarta dheweke iku iman, mangka dheweke ora was sumelang dikaniaya (ditambahi alane) dening wong ora ngadil, lan ora kuwatir (dikurangi kabecikane).

١١٢- وَمَنْ يَعْمَلْ مِنَ الصَّالِحَاتِ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَا يَخَافُ ظُلْمًا وَلَا هَضْمًا ۝

Wamay ya'mal minash shaalihaati wa huwa mu'minun falaa yakhaafu zhulmaw walaa hadhmaa.

113. Lan mangkono uga Ingsun wus nurunake Quraan kalawan basa Arab, lan bola-bali Ingsun anerangake sabagean saka ancaman kang kasebut ing Quraan iku, muga-muga wong-wong mau padha taqwa marang Allah,

١١٣- وَكَذَٰلِكَ أَنزَلْنَاهُ قُرْآنًا عَرَبِيًّا وَصَرَّفْنَا فِيهِ مِنَ الْوَعِيدِ لَعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ أَوْ يُحْدِثُ لَهُمْ ذِكْرًا ۝

---

636). Ingkang ajak-ajak wau suwantenipun Malaikat ingkang ndangu manungsa supados sowan ing ngarsanipun Allah SWT.

637). Bab syafa'at mirsanana ing ' Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

utawa entuk pepeling (piwulang) tumrap dheweke!

Wa kadzaalika anzalnaahu qur-aanan 'arabiyyaw wa sharrafnaa fiihi minal wa'iidi la'allahum yattaquuna au yuhditsu lahum dzikraa.

114. Maha Luhur Allah, Ratu kang nyata haq, lan sira Muhammad aja kesusu maca Quraan sadurunge disampurnakake wahyune marang sira, 638) lan sira nenuwuna mangkene: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka nambahi ilmu dhateng kawula!"

١١٤ - فَتَعٰلَى اللّٰهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ ۚ وَلَا تَعْجَلْ بِالْقُرْاٰنِ مِنْ قَبْلِ اَنْ يُّقْضٰٓى اِلَيْكَ وَحْيُهٗ ۡ وَقُلْ رَّبِّ زِدْنِيْ عِلْمًا ۝

Fata'aalallaahul malikul haqq, walaa ta'jal bil qur-aani min qabli ay yuqdhaa ilaika wahyuhuu waqur rabbi zidnii 'ilmaa.

Nabi Adam a.s. lan iblis kang mbalela!

115. Lan sadurunge (wong-wong mau ngudhari janji) yekti Ingsun luwih dhisik wus paring dhawuh marang Adam, 639) dheweke nuli lali marang janjine, lan Ingsun ora nemu dheweke iku duwe karep kang temenan (ora sengaja).

١١٥ - وَلَقَدْ عَهِدْنَآ اِلٰٓى اٰدَمَ مِنْ قَبْلُ فَنَسِيَ وَلَمْ نَجِدْ لَهٗ عَزْمًا ۝ ع ١٥

Walaqad 'ahidnaa ilaa aadama min qablu fanasiya walam najid lahuu 'azmaa.

116. Lan nyritakna Muhammad nalika Ingsun paring dhawuh marang Malaikat: "Sira padha sujuda marang Adam!", para Malaikat mau nuli padha sujud, kajaba iblis kang emoh, dheweke ambangkang.

١١٦ - وَاِذْ قُلْنَا لِلْمَلٰٓئِكَةِ اسْجُدُوْا لِاٰدَمَ فَسَجَدُوْٓا اِلَّآ اِبْلِيْسَ ۭ اَبٰى ۝

Wa-idz qulnaa lil malaa-ikatis juduu li-aadama fasajaduu illaa ibliisa abaa.

117. Ingsun nuli dhawuh: "He Adam! Satene Iblis iki satrunira, lan satrune rabinira. Jalaran saka iku poma dheweke aja nganti ngetokake sira sakaloron saka Suwarga, jalaran ing mengko sira mundhak cilaka.

١١٧ - فَقُلْنَا يٰٓاٰدَمُ اِنَّ هٰذَا عَدُوٌّ لَّكَ وَلِزَوْجِكَ فَلَا يُخْرِجَنَّكُمَا مِنَ الْجَنَّةِ فَتَشْقٰى ۝

Faqulnaa yaa aadamu inna haadzaa 'aduwwul laka wa lizaujika falaa yukhrijannakumaa minal jannati fatasyqaa.

118. Yekti sira ana ing Suwarga kono ora kaluwen, lan ora kawudan.

١١٨ - اِنَّ لَكَ اَلَّا تَجُوْعَ فِيْهَا وَلَا تَعْرٰى ۝

Inna laka allaa tajuu'a fiihaa walaa ta'raa.

638). Artosipun: Nabi Muhammad s.a.w dipun awisi dening Allah nirokaken waosanipun Malaikat Jibril a.s. saben sak kalimah-kalimah, saderengipun Jibril a.s. rampung anggenipun maos, ingkang supados Nabi Muhammad s.a.w. saged sampurna ngapalaken sarta mangertosi saestu ayat ingkang dipun turunaken wekdal punika.

639). Gusti Allah nurunaken Al Quraan supados dados **Sesuluhing para Manungsa** ngagesang ing Donya dumugining Akherat: ing mangka manungsa punika panggenanipun kalintu lan kasupen kados dene Heyang Nabi Adam a.s. ingkang asipat kasupen boten sengaja. Pramila sintena ingkang kalintu utawi kasupen supados enggal nyuwun pangapunten sarta tobat saestu! Allah badhe paring pangapunten dhumateng sintena kemawon ingkang dipun parengaken.

119. Lan satemene sira ana ing Suwarga kono ora ngelak, lan ora kena panasing Srengenge".

١١٩- وَأَنَّكَ لَا تَظْمَؤُا فِيهَا وَلَا تَضْحَىٰ ۝

Wa annaka laa tazhma-u fiihaa walaa tadh-haa.

102. Syetan nuli anggodha marang Adam, ature: "Dhuh Adam! Punapa kersa kula tedahaken wit Khuldi (manawi panjenengan dhahar estu panjenengan badhe langgeng) sarta pikantuk Karaton ingkang boten risak?".

١٢٠- فَوَسْوَسَ إِلَيْهِ الشَّيْطَانُ قَالَ يَا آدَمُ هَلْ أَدُلُّكَ عَلَىٰ شَجَرَةِ الْخُلْدِ وَمُلْكٍ لَّا يَبْلَىٰ ۝

Fawaswasa ilaihisy syaithaanu qaala yaa aadamu hal adulluka 'alaa syajaratil khuldi wa mulkil laa yablaa.

121. Adam lan Hawa, sakarone nuli dhahar woh mau, sakala banjur katon wadine, sarta sakarone enggal-enggal nutupi wadine sarana gegodhongan ing Suwarga, lan Adam wus duraka marang Pangerane, lan dheweke kasasar dalane.[640]

١٢١- فَأَكَلَا مِنْهَا فَبَدَتْ لَهُمَا سَوْآتُهُمَا وَطَفِقَا يَخْصِفَانِ عَلَيْهِمَا مِن وَرَقِ الْجَنَّةِ ۚ وَعَصَىٰ آدَمُ رَبَّهُ فَغَوَىٰ ۝

Fa-akalaa minhaa fabadzat lahumaa sau-aatuhumaa wa thafiqaa yakhshifaani 'alaihimaa miw waraqil jannah, wa 'ashaa aadamu rabbahuu faghawaa.

122. Adam nuli kapilih keparek dening Pangerane, sarta katarima tobate, sarta kaparingan pituduh.

١٢٢- ثُمَّ اجْتَبَاهُ رَبُّهُ فَتَابَ عَلَيْهِ وَهَدَىٰ ۝

Tsummaj tabaahu rabbuhuu fataaba 'alaihi wa hadaa.

123. Panjenengane Allah ngandika: "Sira sakarone padha mudhuna saka Suwarga kabeh bae. Sawenehira bakal dadi satru marang sawenehe, ing mengko samangsa ana pituduh saka ngarsanIngsun, sing sapa ndherek pituduhIngsun mangka dheweke ora kasasar, lan ora nandhang papa cintraka.

١٢٣- قَالَ اهْبِطَا مِنْهَا جَمِيعًا ۖ بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ ۖ فَإِمَّا يَأْتِيَنَّكُم مِّنِّي هُدًى فَمَنِ اتَّبَعَ هُدَايَ فَلَا يَضِلُّ وَلَا يَشْقَىٰ ۝

Qaalahbithaa minhaa jamii'an ba'dhukum liba'dhin 'aduwwun fa-immaa ya'tiyannakum minnii hudaa, famanit taba'a hudaaya falaa yadhillu walaa yasyqaa.

124. "Dene sing sapa mungkur saka pepelingIngsun, mangka dheweke bakal entuk penguripane kang sarwa rupeg, sarta Ingsun bakal nggiring dheweke ana ing dina Qiyamat kalawan wuta!".

١٢٤- وَمَنْ أَعْرَضَ عَن ذِكْرِي فَإِنَّ لَهُ مَعِيشَةً ضَنكًا وَنَحْشُرُهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ أَعْمَىٰ ۝

---

640). Heyang Nabi Adam a.s. lan Ibu Hawa sabab nerak laranganing Allah sarana boten sengaja, kados kasebat ing ayat 115 surat punika, kasebat "duraka". Dene kasebat "kesasar" sabab ugi dipun bisiki syetan ngantos kesasar marginipun. Kesalahanipun punika manawi dipun ukur ukuran manungsa biasa dhawah dosa limrah, ananging ngengeti Nabi Adam s.a. dados Panutaning manungsa sa-Jagadrat, punika isi hikmah, sintena ngasta Pusaraning Praja, dados Pemimpin, Alim Ulama, Guru lan Tiyang sepuh, kedah ngatos-atos ing Sapolah bawa, muna lan muni, badhe dados tuladha ing ngakathah. Sampun ngantos tumindak dosa (maksiyat) sanaosa alit lan ing papan ingkang sepen boten wonten tiyang semerep!

Waman a'radha 'an dzikrii fa-inna lahuu ma'iisyatan dhankaw wa nahsyuruhuu yaumal qiyaamati a'maa.

125. Dheweke matur: "Dhuh Pangeran kawula! Kados pundi paduka ngempalaken kawula kok wuta, ing mangka rumiyin kawula punika awas?".

١٢٥. قَالَ رَبِّ لِمَ حَشَرْتَنِيٓ أَعْمَىٰ وَقَدْ كُنتُ بَصِيرًا ۝

Qaala rabbi lima hasyartanii a'maa wa qad kuntu bashiiraa.

126. Dhawuhing Allah: "Kang mangkono iku jalaran Ayat-ayatIngsun wus tumeka marang sira, ananging sira-lirwakake. Mangkono uga sira ana ing dina iki dilalekake (ana ing Neraka)".

١٢٦. قَالَ كَذَٰلِكَ أَتَتْكَ ءَايَٰتُنَا فَنَسِيتَهَا ۖ وَكَذَٰلِكَ ٱلْيَوْمَ تُنسَىٰ ۝

Qala kadzaalika atatka aayaatunaa fanasiitahaa, wa kadzaalikal yauma tunsaa.

127. Lan kaya mangkono, anggonIngsun males wong kang ngliwati wates, lan ora gelem ngestokake Ayat-ayating Pangerane. Lan sayekti siksa Akherat iku luwih dening abot sarta luwih langgeng.

١٢٧. وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي مَنْ أَسْرَفَ وَلَمْ يُؤْمِنۢ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِۦ ۚ وَلَعَذَابُ ٱلْءَاخِرَةِ أَشَدُّ وَأَبْقَىٰٓ ۝

Wa kadzaalika najzii man asrafa walam yu'mim bi-aayaati rabbih, wa la'adzaabul aakhirati asyaddu wa abqaa.

Ngitik-itik kasusilaning Bangsa.

128. Apa Pangeran durung aweh pituduh marang wong mau, lan wis pira bahe Bangsa sadurunge dheweke kang Ingsun rusak tur dheweke mau padha liwat ana ing omah-omah patilasane? Sanyata ing dalem perkara kang mangkono mau, nyata dadi tandha yekti pirang-pirang tumrap wong kang anduweni akal wening.

١٢٨. أَفَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّنَ ٱلْقُرُونِ يَمْشُونَ فِى مَسَٰكِنِهِمْ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّأُو۟لِى ٱلنُّهَىٰ ۝

Afalam yahdi lahum kam ahlaknaa qablahum minal quruuni yamsyuuna fii masaakinihim, inna fii dzaalika la-aayaatil li-ulin nuhaa.

129. Lan saupama ora ana keputusan (taqdir) kang ndhisiki lan mangsa kang wus katamtokake saka Pangeranira, yekti siksa mau, uga wus kasandhangake marang dheweke.

١٢٩. وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ لَكَانَ لِزَامًا وَأَجَلٌ مُّسَمًّى ۝

Wa laulaa kalimatun sabaqat mir rabbika lakaana lizaamaw wa ajalum musammaa.

130. Mulane sira disabar Muhammad! krungu pangucape (pengolok-oloke wong-wong mau), lan maha sucekna sarana memuji ing Pangeranira sadurunge wanci mletheking Srengenge lan sadurunge wektu surupe, lan ana ing wayah wengi lan ana ing (tengahe)

١٣٠. فَٱصْبِرْ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ قَبْلَ طُلُوعِ ٱلشَّمْسِ وَقَبْلَ غُرُوبِهَا ۖ وَمِنْ ءَانَآئِ ٱلَّيْلِ فَسَبِّحْ وَأَطْرَافَ ٱلنَّهَارِ لَعَلَّكَ تَرْضَىٰ ۝

wayah awan, iya maha nucekna sarana memuji Pangeranira iku, supaya sira bisa rena rila lan legawa.

Fashbir 'alaa maa yaquuluuna wa sabbih bihamdi rabbika qabla thuluu'isy syamsi wa qabla ghuruubihaa, wa min aanaa-il laili fasabbih wa athraafan nahaari la'allaka tardhaa.

131. Lan sira aja nganti suwe penyawangira karana kasengsem menyang kasenengan kang wus Ingsun paringake golongane wong kafir mau, yaiku pepaes kamompyorane kauripan Donya. Awit Ingsun mung perlu nyoba (niksa) dheweke ana ing kasenengan mau. Dene rezeki peparinge Pangeranira iku luwih becik lan awet. 641)

١٣١. وَلَا تَمُدَّنَّ عَيْنَيْكَ إِلَىٰ مَا مَتَّعْنَا بِهِ أَزْوَاجًا مِّنْهُمْ زَهْرَةَ الْحَيَاةِ الدُّنْيَا لِنَفْتِنَهُمْ فِيهِ ۚ وَرِزْقُ رَبِّكَ خَيْرٌ وَأَبْقَىٰ ۝

Walaa tamuddanna 'ainaika ilaa maa matta'naa bihii azwaajam minhum zahratal hayaatid dun-yaa linaftinahum fiih, wa rizqu rabbika khairuw wa abqaa.

641). Suraosipun ayat punika estunipun sampun cetha gamblang, kados ingkang sampun kaweca ing ayat 88 surat Hijr. Aslining kadadosan sabab musababipun tumuruning ayat punika kagem gegebenganipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. **ngasta leadership ing Ummatipun** ingkang dipun tresnani, katitik saking agenging lelabuhanipun sarta kaikhlasanipun ambudidaya supados Ummatipun manggih karaharjan ing Donya sarta makmur nampi ni'mat ing Akheratipun. Kapemimpinanipun Rasulullah s.a.w. prayogi sanget katuladha ing para Pemimpin Bangsa sarta para Ulama-ipun. Inggih punika gesangipun sarwa **leres, resik, bares lan beres!**

Tegesipun: boten kenging sembrana utawi ugal-ugalan, lan boten kenging culika utawi edan-edanan, punapa dene boten kenging umuk tuwin oncor-oncoran. Balik kedah khusyu' tundhuk dhumateng Gusti Allah, andhap asor, lembah manah, welas asih dhateng sasamining titah, langkung-langkung ingkang sami dados Pimpinan dhateng wewengkonipun.

Awit inggih para panjenenganipun wau, ingkang badhe sami dados Panutan utawi Gurunipun!

Menggah badhe pikantukipun hasil/sukses Kanjeng Nabi s.a.w. utawi titiyang dados Pemimpin ingkang saestu wau, dene ngantos dipun lampahi karaya-raya purun sami ngrekaos utawi sengsara, punika wonten ngarsanipun Gusti Allah badhe angsal ganjaran ingkang sakalangkung ageng lan derajat ingkang luhur sarta karenan dening Allah Pangeran ingkang Maha Agung. Lan wonten ing gesangipun bebrayan ing Donya, badhe saged pikantuk seneng utawi lega, margi rumaos sampun ludhang sampun saged ngeberaken utawi **ambage kalangkungan paparing-ing Pangeran**, ingkang minangka dados titipan, sami ugi **pangkat, semat, 'ilmu, lan kawibawan.** Utawi badhe saged kraos marem utawi bingah, jalaran rumaos sampun saged **netepi utawi nyekapi kuwajibanipun**, ingkang dados kautamaning gesang wonten ing 'alam Donya punika.

Kados makaten menggah badhe angsal-angsalanipun para **Andika Nabi** utawi titiyang dados **Pemimpin** ingkang sejati. Ingkang makaten wau tumrap tiyang ingkang kadunungan budi luhur, watak utami lan pakerti mulya, punika satunggaling kani'matan ingkang ageng tur awis sanget reginipun. Dene tumrapipun tiyang ingkang taksih asor budinipun, nistha watakipun, lan ina pakertinipun, kani'matan kados makaten wau saged ugi boten wonten ajinipun, boten saged dados pangangen-angenipun utawi pangajeng-ajengipun lan boten saged dados kasenengan utawi kamaremanipun. Ananging ingkang dipun maremi namung bandha Donya ingkang cetha wujudipun lan genah petanganipun. Pramila saupami tiyang wau saged dados Pemimpin, sampun tamtu inggih namung prakawis bandha punika ingkang dados rembag tuwin ner-neranipun ingkang penting. Lah gek kados pundi menggah badhe kadadosanipun?

Saking punika, mirid pamanggihipun Imam Ghazali, Ulama punika wonten werni kalih: Ulama-Donya (Ulama-murka) lan Ulama-Akherat (Ulama ikhlas), dados ing zaman-modern, zaman Pemimpin demokratis, logis Pemimpin punika inggih warni kalih: Pemimpin-Donya (Pemimpin-murka) lan Pemimpin Akherat (Pemimpin Ikhlas karana Allah). Rehning Ulama-Donya wau dipun parabi Ulama Su' (Ulama-awon), logis samesthinipun, Pemimpin Akhirat inggih makaten ugi boten beda! Manawi fungsi lan kawibawan Pemimpin Donya wau kita perinci malih, lajeng dados kalih malih: Pemimpin politik lan Pemimpin Tehnokrat, pramila manawi para sutrisna badhe menggalih njlimet malih kula aturi maos buku **"Man and society"** karyanipun **Karl Mannheim,** ing antawisipun suka analisa bilih kangge ikhtiyar medal saking Krisis Kabudayan zaman punika, kita kedah damel planning **Ekonomi lan Sosial** ingkang mateng, mumpuni sadaya Bangsa, lan konstrektif. Dados Pemimpin Ekonomi lan Pemimpin Sosial kedah sami tanggel jawabipun kados kasebat ing nginggil, sejajar tanggel jawabipun Pemimpin Donya (Pemimpin Politik, Pemimpin Ekonomi, Pemimpin Sosial, Pemimpin Kabudayan, Pemimpin Hankam) lan Pemimpin Agami (Ulama). Pramila kados pundi menggah saening pacak Pemimpin-Pemimpin kasebat saged saiyeg saeka praya lan saeka kapti madhahi aspirasi Rakyat sarta nyukani inspirasi dhateng Rakyat!

132. Lan mrentahna tumindak Shalat marang ahlinira, lan sing tlaten sabar (dibetah) ngajak nindakake Shalat mau, Ingsun ora mundhut rezeki (ingon) marang sira, ananging malah Ingsun kang ngrezekeni (ngingoni) sira. Dene kawusanan becik, bakal kadarbe wong kang wedi ing Allah.

١٣٢- وَقَالُوا لَوْلَا يَأْتِينَا بِآيَةٍ مِّن رَّبِّهِ ۚ أَوَلَمْ تَأْتِهِم
بَيِّنَةُ مَا فِي الصُّحُفِ الْأُولَىٰ ۝

Wa qaaluu laulaa ya'tiinaa bi-aayatim mir rabbih, awalam ta'tihim bayyinatum maa fish shuhufil uulaa.

133. Lan wong-wong musyrik ngucap: "Geneya Muhammad ora aweh tandha-yekti marang aku saka Pangerane?". Apa durung tekan marang wong-wong mau katerangan kang kaweca ing Kitab-kitab kang dhisik (Taurat)?

١٣٣- وَأْمُرْ أَهْلَكَ بِالصَّلَاةِ وَاصْطَبِرْ عَلَيْهَا ۖ لَا نَسْأَلُكَ
رِزْقًا ۖ نَّحْنُ نَرْزُقُكَ ۗ وَالْعَاقِبَةُ لِلتَّقْوَىٰ ۝

Wa'mur ahlaka bish-shalaati wash-thabir 'alaihaa, laa nas-aluka rizqaa, nahnu narzuquka wal 'aaqibatu littaqwaa.

134. Lan manawa Ingsun ngrusak marang wong-wong mau kalawan siksa sadurunge Al Quraan diwahyokake, sayekti dheweke padha ngucap: "Dhuh Pangeran kawula! Kados pundi teka Paduka boten ngutus Utusan langkung rumiyin dhateng kula? Sayektos kula badhe andherek dhawuhing ayat-ayat Paduka saderengipun kula dados asor lan nandhang ina".

١٣٤- وَلَوْ أَنَّا أَهْلَكْنَاهُم بِعَذَابٍ مِّن قَبْلِهِ لَقَالُوا رَبَّنَا
لَوْلَا أَرْسَلْتَ إِلَيْنَا رَسُولًا فَنَتَّبِعَ آيَاتِكَ مِن قَبْلِ
أَن نَّذِلَّ وَنَخْزَىٰ ۝

Walau annaa ahlaknaahum bi'adzaabim min qablihii laqaaluu rabbanaa laulaa arsalta ilainaa rasuulan fanattabi'a aayaatika min qabli an nadzilla wa nakhzaa.

135. Dhawuha, sira Muhammad: " Kabeh padha ngenteni giliraning zaman, jalaran saka iku sira padha ngentenana, sayekti sira bakal sumurup, sapa kang anduweni dalan kang bener, lan sapa kang oleh pituduh.

***)

١٣٥- قُلْ كُلٌّ مُّتَرَبِّصٌ فَتَرَبَّصُوا ۖ فَسَتَعْلَمُونَ مَنْ أَصْحَابُ
الصِّرَاطِ السَّوِيِّ وَمَنِ اهْتَدَىٰ ۝

Qul kullum mutarabbishun fatarabbashuu, fasaya'lamuuna man ash-haabush shiraathis sawiyyi wa manihtadaa.

Punika rembag boten namung wonten gedhong Parlemen kemawon, wonten mimbar Pawiyatan Luhur saged, wonten Seminar, lan kalangan Pers saged, sauger cara sehat, blaka, bares, lan beres; boten serat kaleng utawi awut-awutan sistim liberal Kilenan (nganyut tuwuh cara massal sapiturutipun!).

Makaten atur keterangan kula sawatawis! Wallaahu a'lam.

***). **Para sutrisna, minangka panutuping katerangan ingkang wigatos nyinau-tandhingan (comperative study) saking surat Tha Ha lan surat Al Anbiyaa' saged katerangaken makaten:**
Surat Tha Ha dipun pungkasi sarana katerangan bilih manungsa punika gampil kasengsem panggesangan Donya, oncor-oncoran gesang Duniawy, dening Allah SWT dipun taqdiraken dados coba-Donya kangge para manungsa, lan supados enget, sabar sarta tetep Shalat gangsal wekdal, lan gesang ingkang mursyid utawi taqwa!
Dene manawi wonten surat Al Anbiyaa' dipun gamblangaken bilih manungsa punika asipat lepat serta supe, sarta gampilaken ing kuwajiban-kuwajiban pokok gesang wonten ing 'alam Donya, pramila supados tansah enget badhe dhatengipun dinten Qiyamat, dinten Pangadilan Agung ing ngarsaning Allah ingkang Maha Kuwasa sarta Maha Adil.

AL ANBIYAA' (PARA ANDIKA NABI)

Surat kaping 21 : 112 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, 112 ayat.
Tumurun sawuse surat Ibrahim

JUZ 17

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Wus cepak tumraping para manungsa bakal paniti priksane, ewa dene dheweke isih padha katungkul sembrana tur padha mlengos saka pepeling!

١ - اِقْتَرَبَ لِلنَّاسِ حِسَابُهُمْ وَهُمْ فِيْ غَفْلَةٍ مُّعْرِضُوْنَ ۝

Iqtaraba linnaasi hisaabuhum wahum fii ghaflatim mu'ridhuun.

2. Yen padha katekanan ing wewarah saka ngarsaning Pangerane, kang diwedharake ana ing Al Quraan dening Nabine, mung padha ngrungokake thok, lan dheweke padha dolanan.

٢ - مَا يَأْتِيْهِمْ مِّنْ ذِكْرٍ مِّنْ رَّبِّهِمْ مُّحْدَثٍ اِلَّا اسْتَمَعُوْهُ وَهُمْ يَلْعَبُوْنَ ۙ ۝

Maa ya'tiihim min dzikrim mir-rabbihim muhdatsin illas tama'uuhu wahum yal'abuun.

3. Ati-atine suwung ora gelem padha memikir, lan panggedhene kang padha duraka malah pating gelenik padha bebisik: Muhammad, iki rak iya mung manungsa padha karo sira kabeh ta! Geneya sira padha gemrudug gelem nekani (ngrungokake utawa nampa) sihire (apus-apuse), ing mangka sira wus padha sumurup?

٣ - لَاهِيَةً قُلُوْبُهُمْ ۗ وَاَسَرُّوا النَّجْوَى ۖ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا ۖ هَلْ هٰذَآ اِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ ۚ اَفَتَاْتُوْنَ السِّحْرَ وَاَنْتُمْ تُبْصِرُوْنَ ۝

Laa hiyatan quluubuhum, wa asarrun najwaa, alladziina zhalamuu, hal haadzaa illaa basyarum mitslukum, afata'tuunas sihra wa antum tubshiruun.

4. Muhammad! dhawuha: "Pangeranku Nupiksani kabeh uni kang ana ing Langit lan Bumi, lan PanjenengaNe mau kang Miyarsa tur Ngawuningani.

٤ - قَٰلَ رَبِّى يَعْلَمُ ٱلْقَوْلَ فِى ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ٥

Qaala rabbii ya'lamul qaula fis-samaa-i wal ardhi wahuwas samii'ul 'aliim.

5. Ananging wong mau malah padha calathu: Al Quraan iku rak mung rerumpakane impen goroh wae, utawa iya mung anggitane dhewe, utawa Muhammad iku pancen pujangga ahli ngarang; mara jajal kon nekakake ayat (mu'jizat) marang aku kabeh, kaya kang wus diampil para andika Utusan kuna-kuna.

٥ - بَلْ قَالُوٓا۟ أَضْغَٰثُ أَحْلَٰمٍۭ بَلِ ٱفْتَرَىٰهُ بَلْ هُوَ شَاعِرٌ فَلْيَأْتِنَا بِـَٔايَةٍ كَمَآ أُرْسِلَ ٱلْأَوَّلُونَ ٥

Bal qaaluu adh-ghaatsu ahlaamim balif-taraahu bal huwa syaa'ir, falya'tinaa bi-aayatin kamaa ursilal awwaluun.

6. Dhawuha Pangeran: "Pira bae Negara sadurunge dheweke kang wus Ingsun rusak, sabab ora padha gelem percaya marang mu'jizat (Ayat-ayating Pangeran) mau. Apa dheweke saiki banjur arep padha iman?

٦ - مَآ ءَامَنَتْ قَبْلَهُم مِّن قَرْيَةٍ أَهْلَكْنَٰهَآ أَفَهُمْ يُؤْمِنُونَ ٥

Maa aamanat qablahum min qaryatin ahlaknaahaa, afahum yu'minuun.

7. Muhammad! lan sadurungira Ingsun uga ora angutus, kajaba para wong lanang kang Ingsun paringi wahyu, iya kaya sira mangkono. Mara padha pitakona wong ahli Kitab, yen sira pancen ora padha mangerti!

٧ - وَمَآ أَرْسَلْنَا قَبْلَكَ إِلَّا رِجَالًا نُّوحِىٓ إِلَيْهِمْ فَسْـَٔلُوٓا۟ أَهْلَ ٱلذِّكْرِ إِن كُنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ٥

Wamaa arsalnaa qablaka illaa rijaalan nuuhii ilaihim fas-aluu ahladz dzikri in kuntum laa ta'lamuun.

8. Lan Ingsun ora andadekake para Rasul mau, jasad kang ora padha mangan pangan, iku ora. Lan para Rasul mau iya ora padha langgeng urip ana ing Donya!

٨ - وَمَا جَعَلْنَٰهُمْ جَسَدًا لَّا يَأْكُلُونَ ٱلطَّعَامَ وَمَا كَانُوا۟ خَٰلِدِينَ ٥

Wamaa ja'alnaahum jasadal laa ya'kuluu nath-tha'aama wamaa kaanuu khaalidiin.

9. Ewa samono, Ingsun nyatakake janjin-Ingsun marang dheweke mau, wasana Ingsun nylametake dheweke lan wong kang Ingsun kersakake, lan Ingsun ngrusak wong kang padha lacut-duraka!

٩ - ثُمَّ صَدَقْنَٰهُمُ ٱلْوَعْدَ فَأَنجَيْنَٰهُمْ وَمَن نَّشَآءُ وَأَهْلَكْنَا ٱلْمُسْرِفِينَ ٥

Tsumma shadaqnaahumul wa'da fa-anjai-naahum waman nasyaa-u wa ahlaknal musrifiin.

10. Sayekti Ingsun wus nurunake Kitab marang sira kabeh, kang isi pepeling marang sira. Geneya sira ora padha gelem memikir? 642)

١٠- لَقَدْ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكُمْ كِتٰبًا فِيهِ ذِكْرُكُمْ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

Laqad anzalnaa ilaikum kitaaban fiihi dzikrukum, afalaa ta'qiluun.

11. Lan wus kaping pira bae Ingsun ngrusak Negara, kang ahline padha nganiaya, sarta sawuse Negara iku rusak, nuli Ingsun nitahake kaum liyane.

١١- وَكَمْ قَصَمْنَا مِنْ قَرْيَةٍ كَانَتْ ظَالِمَةً وَأَنْشَأْنَا بَعْدَهَا قَوْمًا ءَاخَرِينَ ۝

Wa kam qashamnaa min qaryatin kaanat zhaalimataw wa ansya'naa ba'dahaa qauman aakhariin.

12. Bareng wong-wong mau krasa bakal kapatrapan siksanIngsun dumadakan dheweke padha mlayu saka Negarane.

١٢- فَلَمَّآ أَحَسُّوا بَأْسَنَآ إِذَا هُمْ مِنْهَا يَرْكُضُونَ ۝

Falammaa ahassuu ba'sanaa idzaa hum minhaa yarkudhuun.

13. (Sajerone padha mlayu, ana wong kang mu'min celathu): "Sira aja padha mlayu, padha balia marang kasenenganira, lan marang panggonanira, supaya sira ditakoni kadonyanira".

١٣- لَا تَرْكُضُوا وَارْجِعُوٓا إِلَىٰ مَآ أُتْرِفْتُمْ فِيهِ وَمَسٰكِنِكُمْ لَعَلَّكُمْ تُسْـَٔلُونَ ۝

Laa tarkudhuu warji'uu ilaa maa utriftum fiihi wa masaakinikum la'allakum tus-aluun.

14. Wong-wong mau calathu: "Adhuh, cilaka kula! sayektosipun kula punika sami nganiaya!".

١٤- قَالُوا يٰوَيْلَنَآ إِنَّا كُنَّا ظٰلِمِينَ ۝

Qaaluu yaa wailanaa innaa kunnaa zhaalimiin.

---

642). Katerangan ingkang wigatos saking ayat No. 1 dumugi No. 10 makaten: Bilih kawontenan dalah sesipatanipun tetiyang kafir ingkang badhe cilaka, inggih punika tiyang ingkang sami kasupen dhateng perluning gesangipun sarta badhe kawusananipun; tetiyang kafir wau namung sami katungkul sembrana, suka-suka kemlungkung ngendel-endelaken kamulyanipun utawi kasugihanipun. Manawi kawaosaken wawarah dhawuhing Pangeranipun, ingkang kaampil Kanjeng Rasul Nabinipun, sami nyepelekaken sanget boten ngrewes sakedhik-kedhika, nanging malah pating glenik ngasud sanes-sanesipun. Wicantenipun: "Sing maca iki rak iya mung manungsa padha karo kowe kabeh ta! Dheweke iya mangan lan ya ngombe sarta bakal mati kaya kowe. Dene kang diwaca iku rak mung barang gugon tuhon saka linduran utawa karangane dhewe wae. Geneya kowe pating grudug padha gelem teka gelem ngrungokake carita gegrohan utawa gugon tuhon kaya mangkono iku?". Ananging janjinipun Allah SWT ingkang kabukten leres lan adil kawusananipun, wonten ing zaman Kanjeng Nabi s.a.w. utawi ing zaman modern sapunika, bilih wusananipun lelampahan, Panjenenganipun para andika Rasul lan pandherekpandherekipun ingkang wilujeng, luhur lan mulya, sabab dening iman, Islam, lan ikhsanipun (akhlaqipun). Lan janjinipun Allah SWT makaten wau tetep badhe kaparingaken sintena kemawon estu-estu jihad ing Agaminipun Allah, lan sumedya purun napak-tilas sarta nulad tindakipun para andika Nabi lan Rasulullah s.a.w. (mirsanana surat An 'aam: 34 lan surat Fath : 23).

15. Ora leren-leren wong-wong mau tansah ngucap kang kaya mangkono, sahingga Ingsun andadekake wong-wong mau kaya gaga mati dibabati!

١٥- فَمَا زَالَتْ تِّلْكَ دَعْوٰىهُمْ حَتّٰى جَعَلْنٰهُمْ حَصِيْدًا خٰمِدِيْنَ ۝

Famaa zaalat tilka da'waahum hattaa ja'alnaahum hashiidan khaamidiin.

16. Lan Ingsun ora nitahake Langit lan Bumi lan kabeh kang ana ing antarane kanggo dedolanan. 643)

١٦- وَمَا خَلَقْنَا السَّمَآءَ وَالْاَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا لٰعِبِيْنَ ۝

Wamaa khalaqnas samaa-i wal ardha wamaa bainahumaa laa'ibiin.

17. Saupama dadi lan kaparenging karsan-Ingsun mundhut kelangenan, yekti Ingsun pundhut kelangenan kang saka ngarsanIngsun, manawa pancen Ingsun karsa nindakake!

١٧- لَوْ اَرَدْنَآ اَنْ نَّتَّخِذَ لَهْوًا لَّاتَّخَذْنٰهُ مِنْ لَّدُنَّآ اِنْ كُنَّا فٰعِلِيْنَ ۝

Lau aradnaa an nattakhidza lahwal lattakhadznaahu mil-ladunnaa, in-kunnaa faa'iliin.

18. Satemene Ingsun nglepasake perkara kang haq marang kang batal, kang haq iku nuli nyirnakake kang batal, sakala iku barang kang batal musna. Lan siksa kang abot tumrap sira kabeh wong kafir, jalaran perkara kang wus padha sira sebutake marang Allah sarana sifat-sifat kang ora pantes!

١٨- بَلْ نَقْذِفُ بِالْحَقِّ عَلَى الْبَاطِلِ فَيَدْمَغُهٗ فَاِذَا هُوَ زَاهِقٌ ۚ وَلَكُمُ الْوَيْلُ مِمَّا تَصِفُوْنَ ۝

Bal taqdzifu bil haqqi 'alal baathili fayadmaghuhuu fa-idzaa huwa zaahiq, walakumul wailu mimmaa tashifuun.

19. Lan kagungane Allah apa bae kang ana ing Langit-langit lan Bumi, lan kang ana ing ngarsaNe Allah Malaikat-malaikat padha ora gumedhe suthik 'ibadah marang PanjenengaNe, lan ora lumuh (wegah) anggone padha 'ibadah.

١٩- وَلَهٗ مَنْ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ وَمَنْ عِنْدَهٗ لَا يَسْتَكْبِرُوْنَ عَنْ عِبَادَتِهٖ وَلَا يَسْتَحْسِرُوْنَ ۝

Wa lahuu man fis-samaawaati wal ardh, waman 'indahuu laa yastakbiruuna 'an 'ibaadatihii walaa yastahsiruun.

20. Padha maha-nucekake Allah ana ing rina kalawan wengi, ora leren-leren!

٢٠- يُسَبِّحُوْنَ الَّيْلَ وَالنَّهَارَ لَا يَفْتُرُوْنَ ۝

Yusabbihuunal laila wannahaara laa yafturuun.

643). Tumitahing Langit lan Bumi sarta saisinipun sadaya punika nuwuhaken kathah boboting ilmu mawarni-warni; kadosta ilmu alam, ilmu ukur, ilmu pelintangan (ilmu falak), ilmu matematika, ilmu samodera (oceanografy), ilmu jiwa, ilmu kedokteran, ilmu sosial, sarta ilmu filsafat, ilmu akhlaq, ilmu geology, lan sanes-sanesipun. Ing sakawit zaman Purba (primitif) ilmu punika tuwuh saking kabetahaning manungsa lan 'alam sakiwa-tengenipun, supados saged lestantun lan makmur gesangipun! Pramila ngupaya ilmu punika Wajib tumrap satunggal-satunggaling tiyang Islam, makaten dhawuhing Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. (Pinten-pinten Hadits Shahih, kasebat ing Kitabul 'Ilmi, Riyadhush Shalihin).

Pirang-pirang bukti kesalahane wong kafir-musyrik.

21. Wong-wong musyrik padha andadekake brahala dadi sasembahan saka Bumi, apa sasembahan iku bisa nguripake maneh sawuse mati.

٢١- أَمِ اتَّخَذُوٓا۟ ءَالِهَةً مِّنَ ٱلْأَرْضِ هُمْ يُنشِرُونَ ۝

Amittakhadzuu aalihatam minal ardhi hum yunsyiruun.

22. Dikirak-kirakake ing Langit lan Bumi ana pangeran saliyane Allah, mesthi rusak Langit lan Bumi iku. Mangka Maha Suci Allah Pangeraning 'Arsy saka sesebutan kang disebutake dening wong-wong musyrik mau.

٢٢- لَوْ كَانَ فِيهِمَآ ءَالِهَةٌ إِلَّا ٱللَّهُ لَفَسَدَتَا ۚ فَسُبْحَٰنَ ٱللَّهِ رَبِّ ٱلْعَرْشِ عَمَّا يَصِفُونَ ۝

Lau kaana fiihimaa aalihatun illallaahu lafasadataa, fasubhaanallaahi rabbil 'arsyi 'ammaa yashifuun.

23. PanjenengaNe ora disuwuni priksa saka kabeh pandamelaNe, ananging dheweke padha bakal didangu!

٢٣- لَا يُسْـَٔلُ عَمَّا يَفْعَلُ وَهُمْ يُسْـَٔلُونَ ۝

Laa yus-alu 'ammaa yaf'alu wahum yus-aluun.

24. Apa wong-wong mau padha gawe sesembahan saliyane Allah? Dhawuha sira Muhammad!: "Mara nekakna tanda-buktinira kang ambenerake (yen ana sesembahan saliyane Allah). Lah iki pepeling tumrape wong-wong kang bebarengan kalawan aku, lan pepeling tumrap wong-wong kang sadurunge aku". Sanyata akeh-akehe wong-wong mau padha ora ngerti marang perkara kang haq, mangka dheweke padha mlengos (saka ndherek Rasul!).

٢٤- أَمِ ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِهِۦٓ ءَالِهَةً ۖ قُلْ هَاتُوا۟ بُرْهَٰنَكُمْ ۖ هَٰذَا ذِكْرُ مَن مَّعِىَ وَذِكْرُ مَن قَبْلِى ۗ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ٱلْحَقَّ فَهُم مُّعْرِضُونَ ۝

Amittakhadzuu min duunihii aalihah, qul haatuu burhaanakum haadzaa dzikru mam ma'iya wa dzikru man qablii, bal aktsaruhum laa ya'lamuunal haqqa fahum mu'ridhuun.

25. Lan Ingsun ora ngutus sawijining Utusan sadurungira Muhammad, kajaba Ingsun paring Wahyu marang dheweke, manawa sanyatane ora ana Pangeran kang sinembah, kajaba PanjenenganIngsun piyambak, jalaran saka iku sira padha nyembaha marang Ingsun! 644)

٢٥- وَمَآ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ مِن رَّسُولٍ إِلَّا نُوحِىٓ إِلَيْهِ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنَا۠ فَٱعْبُدُونِ ۝

Wamaa arsalnaa min qablika mir rusulin illaa nuuhii ilaihi annahuu laa ilaaha illaa ana fa'buduun.

644). Suraosing ayat 24—25 punika sami kalayan ayat 36 surat An-Nahl: bilih Agami Tauhid utawi piwucal Tauhid wau jejeripun piwucal Agami ingkang baku piyambak. Sadaya para Andika Nabi Utusaning Pangeran, kautus dhumateng sadaya Umatipun, punika ingkang perlu piyambak supados ngedegaken Tauhid ing Allah, saha ngrebahaken sadaya kamusyrikan. Lan supados ngajak Ummatipun wau samia Ibadah (manembah) namung dhumateng Allah piyambak sarta nilar sadaya brahalanipun!

٢٦- وَقَالُوا اتَّخَذَ الرَّحْمٰنُ وَلَدًا سُبْحٰنَهٗ ؕ بَلْ عِبَادٌ مُّكْرَمُوْنَ ۙ

Wa qaalut takhadzar rahmaanu waladan subhaanah, bal 'ibaadum mukramuun.

26. Lan wong-wong mau padha celathu: "Pangeran kang Maha Murah kagungan putra!". Maha Suci PanjenengaNe saka pocapane wong-wong mau (kang nyebutake manawa Malaikat iku putrane Allah). Nanging Malaikat iku kawula kang dimulyakake.

٢٧- لَا يَسْبِقُوْنَهٗ بِالْقَوْلِ وَهُمْ بِاَمْرِهٖ يَعْمَلُوْنَ ۝

Laa yasbiquunahuu bil qauli wahum bi-amrihii ya'maluun.

27. Para Malaikat padha ora ndhisiki Pangeran kang Maha Murah sarana pocapan-pocapan, lan malah salawase padha nindakake kabeh dhawuHe.

٢٨- يَعْلَمُ مَا بَيْنَ اَيْدِيْهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يَشْفَعُوْنَ ۙ اِلَّا لِمَنِ ارْتَضٰى وَهُمْ مِّنْ خَشْيَتِهٖ مُشْفِقُوْنَ ۝

Ya'lamu maa baina aidiihim wamaa khalfahum walaa yasyfa'uun,Illaa limanir tadhaa wahum min khasy-yatihii musyfiquun.

28. PanjenengaNe Ngawuningani kabeh perkara kang ana ing sangarepa Malaikat, lan kang ana ing saburine, lan Malaikat ora padha kuwasa aweh pitulung (syafa'at), kajaba mung marang wong-wong kang diremeni dening PanjenengaNe. Lan para Malaikat padha konjem jalaran saka wedine marang Allah!

٢٩- وَمَنْ يَّقُلْ مِنْهُمْ اِنِّيْٓ اِلٰهٌ مِّنْ دُوْنِهٖ فَذٰلِكَ نَجْزِيْهِ جَهَنَّمَ ؕ كَذٰلِكَ نَجْزِي الظّٰلِمِيْنَ ۝

Wamay yaqul minhum innii ilaahum min duunihii fadzaalika najziihi jahannam, kadzaalika najzizh zhaalimiin.

29. Lan sing sapa saka antaraning makhluk ana kang celathu: "Aku satemene Pangeran saliyane Allah!", yekti dheweke bakal Ingsun wales kalawan Jahanam, kaya mangkono uga Ingsun bakal males wong-wong kang nganiaya".

٣٠- اَوَلَمْ يَرَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اَنَّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ كَانَتَا رَتْقًا فَفَتَقْنٰهُمَا ؕ وَجَعَلْنَا مِنَ الْمَآءِ كُلَّ شَيْءٍ حَيٍّ ؕ اَفَلَا يُؤْمِنُوْنَ ۝

30 Apa wong-wong kafir iku ora padha sumurup, yen satemene Langit-langit lan Bumi iku asale dhempet (gembel) dadi siji, nuli Ingsun pisahake? Lan Ingsun wus nitahake kabeh barang kang urip iku saka banyu: apa [illegible]veke padha ora gelem iman? 645)

645). Wonten ing ayat punika katerangaken, bilih asal-usulipun Langit lan Bumi punika gembel (dhempet) dados satunggal, lajeng kapisahaken dening Qudrat-Iradat Allah SWT. Wonten ing **Hadist Shahih Muslim**, riwayat saking 'Imran bin Husain r.a. anerangaken Rasulullah s.a.w. ngandika: "Allah wus ana, lan liya-liya kahanan durung ana kajaba Ngarsa Dalem Allah, nuli ana 'Arsy-Allah ana sadhuwuring banyu, lan nulis (Naqdirake Pangeran) sakabehing barang (kahanan) ing sajeroning Lauhil Mahfudz, lan andamel Langit-langit lan Bumi", makaten kasebat ing "**Kitaabu bad'il khalqi**" utawi "Kitab anerangaken asal-usule makhluq". Manawi bab punika dipun sumerapi saking **Ilmu-Bumi alamy**, ilmu ingkang nyumerapi wangun-ing lumahe-Bumi, lindhu, sob-robing samodera, iklim, jawah, suhu, flora, fauna, penyebaran jenis siti, asal usuling sela, krikil, lan logam, sarta isining lapisaning Bumi ingkang kathah bakuning energy, lan sapiturutipun para Sarjana Ahli-ahli wau, kalayan panjelajahan ing Rembulan dening Astronot ing Abad Modern punika, sarta sawatawis wewadining 'Alam Jagad Raya punika sampun saged kasingkap punika logis ambuktekaken bilih Gusti Allah SWT punika ingkang rumiyin piyambak wontenipun, lajeng anitahaken 'alam jagad raya awujud amun-amun

Awalam yaral ladziina kafaruu annas samaawaati wal ardha kaanataa ratqan fafataqnaahumaa wa ja'alnaa minal maa-i kulla syai-un hayyin, afalaa yu'minuun.

٣١. وَجَعَلْنَا فِي الْأَرْضِ رَوَاسِيَ أَنْ تَمِيدَ بِهِمْ وَجَعَلْنَا فِيهَا فِجَاجًا سُبُلًا لَّعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ ۝

31. Lan Ingsun wus andamel Gunung-gunung ana ing Bumi, supaya Bumi ora ganjang-ganjing karo wong-wong mau, sarta Ingsun andamel ana ing Gunung-gunung iku pirang-pirang dalan, supaya wong-wong mau oleh pituduh.

Wa ja'alnaa fil ardhi rawaasiya an tamiida bihim wa ja'alnaa fiihaa fijaajan subulal la'allahum yahtaduun.

٣٢. وَجَعَلْنَا السَّمَاءَ سَقْفًا مَّحْفُوظًا ۖ وَهُمْ عَنْ آيَاتِهَا مُعْرِضُونَ ۝

32. Lan Ingsun andamel Langit iku dadi payon kang dijaga, ananging wong-wong mau padha mlengos saka tandah-tandha yek-tine (Srengenge, Rembulan, lan Lintang-lintang).

Wa ja'alnas samaa-a saqfam mahfuuzhaa, wahum 'an aayaatihaa mu'ridhuun.

٣٣. وَهُوَ الَّذِي خَلَقَ اللَّيْلَ وَالنَّهَارَ وَالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ۖ كُلٌّ فِي فَلَكٍ يَسْبَحُونَ ۝

33. Lan PanjenengaNe kang wus nitahake wengi, rina, Srengenge, lan Rembulan. Kabeh padha lumaku mider-mider tur rikat ana ing dalane.

Wa huwal ladzii khalaqal laila wan-nahaara wasysyamsa wal qamar, kullun fii falakiy yasbahuun.

٣٤. وَمَا جَعَلْنَا لِبَشَرٍ مِّن قَبْلِكَ الْخُلْدَ ۖ أَفَإِن مِّتَّ فَهُمُ الْخَالِدُونَ ۝

34. Lan Ingsun ora nitahake manungsa sadurunge sira iku langgeng. Apa manawa sira Muhammad wus Sun pundhut, wong-wong mau langgeng?

Wamaa ja'alnaa libasyarim min qablikal khuld, afa-im mitta fahumul khaaliduun.

٣٥. كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ ۗ وَنَبْلُوكُم بِالشَّرِّ وَالْخَيْرِ فِتْنَةً ۖ وَإِلَيْنَا تُرْجَعُونَ ۝

35. Saben-saben kang ndarbeni nyawa bakal nemahi pati, lan Ingsun neter marang sira kabeh kalawan ala lan becik, lan mung marang PanjenenganIngsun sira kabeh bakal disowanake.

gembel manunggal, lajeng sami misah dados Tata Surya ingkang kaloka.
Lintang ageng-ageng lan Satelitipun, lan ngrembaka sanes-sanesipun pinten-pinten Tata Lintang lan Satelit sanesipun, boten (dereng) saged kapetang malih. Saweg Bumi jagad kita manungsa kemawon, isining Dharatan lan Samudera rekaos dipun etang (sumerapi) ambaka satunggal. Ingkang sadaya wau manawi kagerba underaning kadadosan, barang lan kawontenan ing 'alam jagad raya punika wonten wiwitan lahiripun lan wonten pungkasan sirnanipun, kajawi hamung Gusti Allah SWT pribadi ingkang wiwitan wontenipun boten wonten wiwitanipun, lan boten badhe kadunungan risak lan sirna, dados Gusti Allah punika ingkang Wiwitan tanpa Purwa, lan ing Akhir tanpa Duksina (Pungkasan), Maha Suci Allah saking sifat ingkang kakantha-kantha dening gagasaning manungsa! Mirsanana buku karyanipun Drs. Sidi Gazalba, "Islam integrasi ilmu dan Kebudayaan", buku karya Prof. (pisika) George Gamow, "The birth and death of the Sun", lan karya Adi Negoro, "Pokok-pokok pengetahuan ilmu bumi".

Kullu nafsin dzaa-iqatul mauut, wa nabluukum bisysyarri wal khairi fitnah, wa ilainaa turja'uun.

36. Manawa wong-wong kafir iku andeleng sira Muhammad, ora babar-pisan dheweke iku kajaba mung ndadekake sira guyonan (sarana ngucap): "Apa dheweke iku kang sok nyebut-nyebut (anenacat) pangeran-pangeranira?".

٣٦- وَإِذَا رَآكَ الَّذِينَ كَفَرُوٓا إِن يَتَّخِذُونَكَ إِلَّا هُزُوًا أَهَٰذَا الَّذِي يَذْكُرُ آلِهَتَكُمْ وَهُم بِذِكْرِ الرَّحْمَٰنِ هُمْ كَٰفِرُونَ ۝

Wa idzaa ra-aakal ladziina kafaruu iy-yattakhidzuu naka illaa huzuwaa, ahaadzal ladzii yadzkuru aalihatakum, wahum bidzikrir rahmaani hum kaafiruun.

37. Manungsa iku tinitahake dhasare kesusu, Ingsun bakal katonake Ayat-ayat (siksa-siksa)Ningsun marang sira kabeh, mulane ora susah padha kok age-age siksanIngsun mau.

٣٧- خُلِقَ الْإِنسَانُ مِنْ عَجَلٍ ۚ سَأُورِيكُمْ آيَاتِي فَلَا تَسْتَعْجِلُونِ ۝

Khuliqal insaanu min 'ajal, sa-uriikum aayaatii falaa tasta'jiluun.

38. Lan wong kafir padha celathu: "Besuk kapan kelakone janji siksa ing Akherat, yen sira nyata padha temen?

٣٨- وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝

Wa yaquuluuna mataa haadzal wa'du in kuntum shaadiqiin.

39. Saupama wong kang padha kafir mangerti kahanan nalika dheweke ora padha bisa nolak geni Neraka saka rahi-rahine, lan ora bisa nulak saka geger-gegere, lan dheweke ora padha bisa oleh pitulungan, (yekti ora padha gelem ngajab-ajab siksane Allah).

٣٩- لَوْ يَعْلَمُ الَّذِينَ كَفَرُوا حِينَ لَا يَكُفُّونَ عَن وُجُوهِهِمُ النَّارَ وَلَا عَن ظُهُورِهِمْ وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ۝

Lam ya'lamul ladziina kafaruu hiina laa yakuffuuna 'aw wujuuhihimun naara walaa 'an zhuhuurihim walaa hum yunsharuun.

40. Ananging siksa mau bakal namani ing dheweke sarana ngeget, banjur agawe bingunge sarta ora padha bisa nulak, lan dheweke mau ora bakal padha diparingi inah maneh.

٤٠- بَلْ تَأْتِيهِم بَغْتَةً فَتَبْهَتُهُمْ فَلَا يَسْتَطِيعُونَ رَدَّهَا وَلَا هُمْ يُنظَرُونَ ۝

Bal ta'tiihim baghtatan fatabhatuhum falaa yastathii'uuna raddahaa walaa hum yunzharuun.

41. Lan temen wus digeguyu uga para Rasul sadurungira Muhammad, wong-wong kang anggeguyu saka golongane wong-wong mau nuli kapatrapan siksa samurwat olehe padha nggeguyu mau.

٤١- وَلَقَدِ اسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّن قَبْلِكَ فَحَاقَ بِالَّذِينَ سَخِرُوا مِنْهُم مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ۝

Walaqadis tuhzi-a birusulim min qablika fahaaqa billadziina sakhiruu minhum maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

42. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa kang ngreksa sira ana ing wayah bengi lan rina, saka siksaning Pangeran kang Maha Murah?". Sanyata wong-wong mau padha mlengos saka pepelinge Pangeran, yaiku Quraan.

٤٢- قُلْ مَنْ يَكْلَؤُكُمْ بِالَّيْلِ وَالنَّهَارِ مِنَ الرَّحْمٰنِ ۗ بَلْ هُمْ عَنْ ذِكْرِ رَبِّهِمْ مُعْرِضُوْنَ ۝

Qul may yakla-ukum billaili wannahaari minar rahmaan, bal hum 'an dzikri rabbihim mu'ridhuun.

43. Utawa apa wong-wong mau duwe pangeran-pangeran saliyanIngsun kang bisa ngalang-alangi saka siksa? Kang dianggep pangeran-pangeran iku uga ora kuwasa nulungi awake dhewe, sarta dheweke iku ora padha dislametake saka siksanIngsun.

٤٣- أَمْ لَهُمْ اٰلِهَةٌ تَمْنَعُهُمْ مِّنْ دُوْنِنَا ۗ لَا يَسْتَطِيْعُوْنَ نَصْرَ اَنْفُسِهِمْ وَلَا هُمْ مِّنَّا يُصْحَبُوْنَ ۝

Am lahum aalihatun tamna'uhum min duuninaa, laa yastathii'uuna nashra anfusihim walaa hum minnaa yush-habuun.

44. Satemene wus Ingsun paringi kasenengan wong-wong mau, lan Bapak-bapakne nganti umur dawa; apa wong-wong mau ora padha sumurup yen satemene Ingsun nekani Negarane wong kafir, nuli Ingsun kurangi jembaring pinggir-pinggire (dipasrahake marang kaum Muslimin!). Apa kaya mangkono iku dheweke kang menang, apa Ingsun?".

٤٤- بَلْ مَتَّعْنَا هٰٓؤُلَآءِ وَاٰبَآءَهُمْ حَتّٰى طَالَ عَلَيْهِمُ الْعُمُرُ ۗ اَفَلَا يَرَوْنَ اَنَّا نَاْتِى الْاَرْضَ نَنْقُصُهَا مِنْ اَطْرَافِهَا ۗ اَفَهُمُ الْغٰلِبُوْنَ ۝

Bal matta'naa haa-ulaa-i wa aabaa-ahum hattaa thaala 'alaihimul 'umur, afalaa yarauna annaa na'til ardha nanqushuhaa min athraafihaa, afahumul ghaalibuun.

45. Dhawuha sira Muhammad: "Satemene aku iki mung aweh pepeling marang sira kalawan Wahyu Quraan". Lan wong kang budheg iku ora bisa krungu ing pangajak, nalika wong-wong mau dielingake.

٤٥- قُلْ اِنَّمَآ اُنْذِرُكُمْ بِالْوَحْيِ ۖ وَلَا يَسْمَعُ الصُّمُّ الدُّعَآءَ اِذَا مَا يُنْذَرُوْنَ ۝

Qul innamaa undzirukum bil wahyi, walaa yasma'ush shummud du'aa-a idzaa maa yundzaruun.

46. Lan sanyatane manawa wong-wong mau kakenan sathithik bae saka siksaning Pangeranira, yekti padha celathu: "Adhuh, cilaka aku! Satemene aku kabeh padha nganiaya".

٤٦- وَلَئِنْ مَّسَّتْهُمْ نَفْحَةٌ مِّنْ عَذَابِ رَبِّكَ لَيَقُوْلُنَّ يٰوَيْلَنَآ اِنَّا كُنَّا ظٰلِمِيْنَ ۝

Wala-im massat-hum nafhatum min 'adzaabi rabbika layaquulunna yaa wailanaa innaa kunnaa zhaalimiin.

47. Lan Ingsun arsa masang timbangan kang satrep adile ana ing dina Qiyamat, mangka bakal ora ana sawijining badan kang dikaniaya sathithik-thithika. Sanajan mung ana saboboting wiji sawi, yekti Ingsun tekak-ake! Sarta cukup Ingsun piyambak kang bakal ngisab.

٤٧- وَنَضَعُ الْمَوَازِيْنَ الْقِسْطَ لِيَوْمِ الْقِيٰمَةِ فَلَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْـًٔا ۭ وَاِنْ كَانَ مِثْقَالَ حَبَّةٍ مِّنْ خَرْدَلٍ اَتَيْنَا بِهَا ۭ وَكَفٰى بِنَا حٰسِبِيْنَ ۝

Wa nadha'ul mawaaziinal qistha liyaumil qiyaamati falaa tuzhlamu nafsun syai-aa, wa-in kaana mitsqaala habbatim min khardalin atainaa bihaa, wakafaa binaa haasibiin.

Sejarahe sabageyan para Andika Nabi.

48. Lan satemene wus Ingsun paringake marang Musa lan Harun Kitab Taurat lan pepadhang sarta wulang-wuruk tumrap wong-wong kang taqwa.

٤٨- وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسٰى وَهٰرُوْنَ الْفُرْقَانَ وَضِيَاۗءً وَّذِكْرًا لِّلْمُتَّقِيْنَ ۝

Walaqad aatainaa muusaa wa haaruunal furqaana wa dhiyaa-aw wa dzikraa lil-muttaqiin.

49. Yaiku wong-wong kang padha wedi siksaning Pangerane, sanajana dheweke ora padha weruh (ghaib), lan dheweke padha sumelang tekaning dina Qiyamat.

٤٩- الَّذِيْنَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ بِالْغَيْبِ وَهُمْ مِّنَ السَّاعَةِ مُشْفِقُوْنَ ۝

Alladziina yakhsyauna rabbahum bil ghaibi wahum minas saa'ati musyfiquun.

50. Lan Al Quraan iki sawijining Kitab pepeling tur akeh berkahe kang Ingsun turunake. Apa sira padha mungkir marang Quraan mau?

٥٠- وَهٰذَا ذِكْرٌ مُّبٰرَكٌ اَنْزَلْنٰهُ ۭ اَفَاَنْتُمْ لَهٗ مُنْكِرُوْنَ ۝

Wa haadzaa dzikrum mubaarakun anzal-naahu afa-antum lahuu munkiruun.

51. Lan temen Ingsun wus paring pituduh marang Ibrahim saka sadurunge Musa lan Harun, sarta Ingsun ngawuningani Ibrahim iku.

٥١- وَلَقَدْ اٰتَيْنَآ اِبْرٰهِيْمَ رُشْدَهٗ مِنْ قَبْلُ وَكُنَّا بِهٖ عٰلِمِيْنَ ۝

Walaqad aatainaa ibraahiima rusydahuu min qablu wa kunnaa bihii 'aalimiin.

52. Elinga, nalika Ibrahim matur marang Bapakne lan dhawuh ing kaume: "Recareca apa iki kang padha sira sembah-sembah?".

٥٢- اِذْ قَالَ لِاَبِيْهِ وَقَوْمِهٖ مَا هٰذِهِ التَّمَاثِيْلُ الَّتِيْٓ اَنْتُمْ لَهَا عٰكِفُوْنَ ۝

Idz qaala li-abiihi wa qaumihii maa haadzihit tamaatsiilul latii antum lahaa 'aakifuun.

53. Kaume mangsuli: "Kula sadaya sampun sami manggih tetiyang sepuh kula nyembah dhateng reca-reca punika".

٥٣- قَالُوا وَجَدْنَآ اٰبَآءَنَا لَهَا عٰبِدِيْنَ ٥

Qaaluu wajadnaa aabaa-anaa lahaa 'aabidiin.

54. Ibrahim ngandika: "Yekti satemene sira, sarta wong-wong tuwanira padha ana ing kasasar kang nyata".

٥٤- قَالَ لَقَدْ كُنْتُمْ اَنْتُمْ وَاٰبَآؤُكُمْ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ٥

Qaala laqad kuntum antum wa aabaaukum fii dhalaalim mubiin.

555. Kaume matur: "Punapa panjenengan punika andhatengaken kaleresan ing kula, punapa panjenengan punika golonganipun tetiyang ingkang dedolanan?".646)

٥٥- قَالُوْٓا اَجِئْتَنَا بِالْحَقِّ اَمْ اَنْتَ مِنَ اللّٰعِبِيْنَ ٥

Qaaluu aji'tanaa bil haqqi am anta minal laa'ibiin.

56. Ibrahim ngandika: "Satemene Pangeranira iku Pangeraning Langit-langit lan Bumi, kang wus nitahake iku kabeh, lan aku golongane kang nyekseni (aku bisa menehi bukti kang mangkono iku)".

٥٦- قَالَ بَلْ رَّبُّكُمْ رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ الَّذِيْ فَطَرَهُنَّ ۖ وَاَنَا عَلٰى ذٰلِكُمْ مِّنَ الشّٰهِدِيْنَ ٥

Qaala bar-rabbukum rabbus samaawaati wal ardhil ladzii fatharahunn, wa ana 'alaa dzaalikum minasy syaahidiin.

57. Lan Demi Allah, temen aku bakal anggepuk brahala-brahalanira sawuse sira lunga mungkur!".647)

٥٧- وَتَاللّٰهِ لَاَكِيْدَنَّ اَصْنَامَكُمْ بَعْدَ اَنْ تُوَلُّوْا مُدْبِرِيْنَ ٥

Wa taliaahi la-akiidanna ashnaamakum ba'da an tuwalluu mudbiriin.

58. Ibrahim nuli anggepuk brahala-brahala iku nganti remuk kabeh, kajaba kang gedhe, supaya wong-wong mau padha bali takon marang brahala kang gedhe iku.

٥٨- فَجَعَلَهُمْ جُذٰذًا اِلَّا كَبِيْرًا لَّهُمْ لَعَلَّهُمْ اِلَيْهِ يَرْجِعُوْنَ ٥

Faja'alahum judzaadzan illaa kabiiral lahum la'allahum lilaihi yarji'uun.

59. Wong-wong mau pitakon: "Sapa kang tumindak marang pangeran-pangeran kita mangkene iki? Temen dheweke golongane wong kang nganiaya".

٥٩- قَالُوْا مَنْ فَعَلَ هٰذَا بِاٰلِهَتِنَآ اِنَّهٗ لَمِنَ الظّٰلِمِيْنَ ٥

Qaaluu man fa'ala haadzaa bi-aalihatinaa innahuu laminazh zhaalimiin.

---

646). Artosipun: punapa panjenengan punika ajak-ajak dhateng Agami saestu-saestu, punapa namung gegujengan.

647). Pangunandikanipun Nabi Ibrahim a.s. kados kasebat ing ayat 57 punika ngendikan ing salebeting manah, ingkang badhe katindakaken piyambakan sara pangreka-daya ingkang mathuk ing 'akal.

60. Sawenehe ana kang celathu: "Sanyata aku krungu wong nom-noman kang nyebut-nyebut pangeran-pangeran iku, arane Ibrahim!".

٦٠- قَالُوا سَمِعْنَا فَتًى يَّذْكُرُهُمْ يُقَالُ لَهٗٓ اِبْرٰهِيْمُ ۗ

Qaaluu sami'naa fatay yadzkuruhum yuqaalu lahuu ibraahiim.

61. Wong-wong mau celathu: "Mara wong iku gawanen marang sangareping wong akeh, supaya kabeh padha nyekseni".

٦١- قَالُوْا فَأْتُوْا بِهٖ عَلٰٓى اَعْيُنِ النَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَشْهَدُوْنَ ۝

Qaaluu fa'tuu bihii a'yunin naasi la'allahum yasyhaduun.

62. Wong-wong mau pitakon: "Punapa panjenengan ingkang gadhah tumindak kados makaten? dhateng pangeran kula, he Ibrahim?"

٦٢- قَالُوْٓا ءَاَنْتَ فَعَلْتَ هٰذَا بِاٰلِهَتِنَا يٰٓاِبْرٰهِيْمُ ۗ

Qaaluu a-anta fa'alta haadzaa bi-aalihatinaa yaa ibraahiim.

63. Ibrahim mangsuli: "Sabenere kang duwe pokal mangkono iku kang gedhe, lah iki! Mara takonana mar-wa brahala-brahala iku bisa celathu".

٦٣- قَالَ بَلْ فَعَلَهٗ ۖ كَبِيْرُهُمْ هٰذَا فَسْـَٔلُوْهُمْ اِنْ كَانُوْا يَنْطِقُوْنَ ۝

Qaala bal fa'alahuu kabiiruhum haadzaa fas-aluuhum in kaanuu yanthiquun.

64. Wong-wong mau nuli mikir-mikir bali marang awake, nuli ngucap: "Satemene sira kabeh kang padha nganiaya awake dhewe".

٦٤- فَرَجَعُوْٓا اِلٰٓى اَنْفُسِهِمْ فَقَالُوْٓا اِنَّكُمْ اَنْتُمُ الظّٰلِمُوْنَ ۙ

Faraja'uu ilaa anfusihim faqaaluu innakum antumuzh zhaalimuun.

65. Dheweke nuli padha dibalekake maneh pikirane, nuli ngucap: "Sayektosipun panjenengan Ibrahim sampun mangertos bilih brahala punika sami boten saged wicantenan". 648)

٦٥- ثُمَّ نُكِسُوْا عَلٰى رُءُوْسِهِمْ ۚ لَقَدْ عَلِمْتَ مَا هٰٓؤُلَاۤءِ يَنْطِقُوْنَ ۝

Tsumma nukisuu 'alaa ru-uusihim, laqad 'alimta maa haa-ulaa-i yanthiquun.

66. Ibrahim mangsuli: "Jalaran apa sira nyembah saliyane Allah, kang ora pisan-pisan kuwasa aweh manfa'at lan ora kuwasa aweh madlarat marang sira?".

٦٦- قَالَ اَفَتَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَنْفَعُكُمْ شَيْـًٔا وَّلَا يَضُرُّكُمْ ۗ

Qaala afata'buduuna min duunillaahi maa laa yanfa'ukum syai-aw walaa yadhurrukum.

---

648). Maksudipun sasampunipun sami enget lan saged menggalih sarana 'akalipun, lajeng sami wangsul ambangkang malih.

67. Cilaka sira kabeh, lan uga kang sira sembah saliyane Allah. Apa sira ora padha duwe 'akal?".

٦٧- أُفٍّ لَّكُمْ وَلِمَا تَعْبُدُونَ مِن دُونِ اللَّهِ ۖ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

Uffil lakum walimaa ta'buduuna min duunillaah, afalaa ta'qiluun.

68. Wong-wong mau padha celathu: "O-bongen Ibrahim! Lan sira padha nulungana pangeran-pangeranira, manawa sira arep padha tumandang ing gawe".

٦٨- قَالُوا حَرِّقُوهُ وَانصُرُوا آلِهَتَكُمْ إِن كُنتُمْ فَاعِلِينَ ۝

Qaaluu harriquuhu wanshuruu aalihatikum in kuntum faa'iliin.

69. Ingsun (Allah) ngandika: "He geni, sira dadia adhem, lan kaslametan tetep marang Ibrahim!".

٦٩- قُلْنَا يَا نَارُ كُونِي بَرْدًا وَسَلَامًا عَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ ۝

Qulnaa yaa naaru kunii bardaw wa salaaman 'alaa ibraahiim.

70. Lan wong-wong mau padha sumeja ngreka-daya marang Ibrahim, ananging wong-wong iku Ingsun dadekake rugi kabeh!".

٧٠- وَأَرَادُوا بِهِ كَيْدًا فَجَعَلْنَاهُمُ الْأَخْسَرِينَ ۝

Wa araaduu bihii kaidan faja'alnaa humul akhsariin.

71. Lan Ingsun wus nylametake Ibrahim lan Luth, sarta dheweke Ingsun tekakake marang Bumi kang wus Ingsun berkahi ana ing Negara 649) kono kanggo kabeh 'alam Jagad pramudita.

٧١- وَنَجَّيْنَاهُ وَلُوطًا إِلَى الْأَرْضِ الَّتِي بَارَكْنَا فِيهَا لِلْعَالَمِينَ ۝

Wa najjainaahu wa luuthan ilal ardhil latii baaraknaa fiihaa lil'aalamiin.

72. Lan Ingsun wus paring marang Ibrahim, Ishaq (dadi anake) lan Ya'qub (dadi putune), pepaking kang sarwa ngluwihi panyuwune, lan kabeh Ingsun dadekake wong-wong kang becik-becik.

٧٢- وَوَهَبْنَا لَهُ إِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ نَافِلَةً ۖ وَكُلًّا جَعَلْنَا صَالِحِينَ ۝

Wa wahabnaa lahuu is-haaqa wa ya'quuba naafilatan wa kullan ja'alnaa shaalihiin.

73. Lan dheweke Ingsun dadekake pemimpin (panutan) kang ngajak para manungsa marang AgamanIngsun kalawan dhawuh-Ingsun; lan wus Ingsun dhawuhake marang dheweke nindakake laku becik, nglakoni

٧٣- وَجَعَلْنَاهُمْ أَئِمَّةً يَهْدُونَ بِأَمْرِنَا وَأَوْحَيْنَا إِلَيْهِمْ فِعْلَ الْخَيْرَاتِ وَإِقَامَ الصَّلَاةِ وَإِيتَاءَ الزَّكَاةِ ۖ وَكَانُوا لَنَا عَابِدِينَ ۝

649). Ingsun paring berkah ana ing Negara kono, artosipun Negari Asia-Tengah upami Palestina, Jazirah Arab, Mesir, llsp., kathah para Andika Rasul kautus ing Negari wau, sarta kawontenanipun subur ing tinandur, utawi kathah bebakaling energi ingkang sanget dipun betahaken ing zaman tehnologi-modern, kadosta ing telatah Sinai, Saudi Arabia, Sunglon Parsi, Kuwait lan Iran, ingkang sapunika dados panguwaos lisah OPEC (Paguyubanipun Negari-negari ingkang ngasilaken lisah, saking kelompok ASIA TENGAH).

Shalat, lan aweh Zakat, lan dheweke iku padha nyembah marang Ingsun.

Wa ja'alnaahum a-immatay yahduuna bi-amrinaa wa auhainaa ilaihim fi'lal khairaati wa iqaamash shalaati wa ii-taa-az zakaati wa kaanuu lanaa 'aabi-diin.

74. Lan marang Luth, wus Ingsun paringi kawicaksanan lan 'ilmu, lan wus Ingsun slametake saka ahli Negara kang padha nindakake laku ala. Satemene wong-wong iku, kaum kang ala tur duraka.650)

٧٤. وَلُوطًا اٰتَيْنٰهُ حُكْمًا وَّعِلْمًا وَّنَجَّيْنٰهُ مِنَ الْقَرْيَةِ الَّتِيْ كَانَتْ تَّعْمَلُ الْخَبٰٓئِثَ ۭ اِنَّهُمْ كَانُوْا قَوْمَ سَوْءٍ فٰسِقِيْنَ ۙ

Wa luuthan aatainaahu hukmaw wa 'ilmaw wa najjainaahu minal qaryatil latii kaanat ta'malul khabaa-its, innahum kaanuu qauma sau-in faasiqiin.

75. Lan Ingsun nglebokake Luth ana ing rahmatIngsun, sanyata dheweke iku golongane wong-wong kang becik.

٧٥. وَاَدْخَلْنٰهُ فِيْ رَحْمَتِنَا ۭ اِنَّهٗ مِنَ الصّٰلِحِيْنَ ۭ

Wa ad-khalnaahu fii rahmatinaa, innahuu minash shaalihiin.

76. Lan Ingsun wus mulyakake Nuh, nalika dheweke nyenyuwun biyen sadurunge Luth, nuli Ingsun kabulake panyuwune, sarta Ingsun banjur nylametake dheweke lan ahline saka kasusahan kang gedhe.

٧٦. وَنُوْحًا اِذْ نَادٰى مِنْ قَبْلُ فَاسْتَجَبْنَا لَهٗ فَنَجَّيْنٰهُ وَاَهْلَهٗ مِنَ الْكَرْبِ الْعَظِيْمِ ۚ

Wa nuuhan idz naadaa min qablu fastajabnaa lahuu fanajjainaahu wa ahlahuu minal karbil 'azhiim.

77. Lan Ingsun wus paring pitulung marang dheweke, saka kaum-kaum kang maido ing Ayat-ayatIngsun, satemene wong-wong mau kaum kang ala. Mangka Ingsun banjur ngeremake wong-wong mau kabeh.

٧٧. وَنَصَرْنٰهُ مِنَ الْقَوْمِ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا ۭ اِنَّهُمْ كَانُوْا قَوْمَ سَوْءٍ فَاَغْرَقْنٰهُمْ اَجْمَعِيْنَ ۝

Wa nasharnaahu minal qaumil ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa, innahum kaanuu qauma sau-in fa-aghraqnaahum ajma'iin.

78. Lan elinga, Ingsun wus mulyakake Dawud lan Sulaiman, ing nalika sakeloron mutusi perkara tetandurane sawijining kaum kang dirusak dening wedhuse sawijining kaum liyane, lan Ingsun nyekseni apa kang diputusake dening dheweke.

٧٨. وَدَاوٗدَ وَسُلَيْمٰنَ اِذْ يَحْكُمٰنِ فِي الْحَرْثِ اِذْ نَفَشَتْ فِيْهِ غَنَمُ الْقَوْمِ ۚ وَكُنَّا لِحُكْمِهِمْ شٰهِدِيْنَ ۝

Wa daawuuda wa sulaimaana idz yahkumaani fil hartsi idz nafasyat fiihi ghanamul qaum, wa kunnaa lihukmihim syaahidiin.

650). Lampah sedheng, homosexuel lan ngecu sarta ngutil lan ngrampok terang-terangan ing wekdal siang.

79. Nuli Ingsun paring pengertian marang Sulaiman ing bab mutusi perkara, lan Dawud sarta Sulaiman Ingsun paringi kawicaksanan lan kapinteran.651) Lan Ingsun wus naklukake Gunung-gunung sarta manuk, padha maha nucekake bebarengan kalawan Dawud. Lan Ingsun kang nindakake kabeh mau.

٧٩- فَفَهَّمْنٰهَا سُلَيْمٰنَ ۚ وَكُلًّا اٰتَيْنَا حُكْمًا وَّعِلْمًا ۚ وَّ
سَخَّرْنَا مَعَ دَاوٗدَ الْجِبَالَ يُسَبِّحْنَ وَالطَّيْرَ ۚ وَكُنَّا
فٰعِلِيْنَ ۝

Fafahhamnaahaa sulaimaan, wa kullan aatainaa hukmaw wa 'ilmaw wa sakhkharnaa ma'a daawuudal jibaala yusabbihna waththaiir, wa kunnaa faa'iliin.

80. Lan Ingsun wus mulang marang Dawud yasa sandhanganing perang (kere) tumrap sira, kanggo ngrekso sira saka mungsuhira ana ing peperangan, apa sira padha gelem syukur?"

٨٠- وَعَلَّمْنٰهُ صَنْعَةَ لَبُوْسٍ لَّكُمْ لِتُحْصِنَكُمْ مِّنْۢ
بَاْسِكُمْ ۚ فَهَلْ اَنْتُمْ شٰكِرُوْنَ ۝

Wa 'allamnaahu shan'ata labuusil lakum lituhshinakum mim ba'sikum, fahal antum syaakiruun.

81. Lan Ingsun wus naklukake angin gedhe kanggo Sulaiman, midid miturut printahe Sulaiman marang Bumi kang Ingsun berkahi, lan Ingsun kang Ngawuningani sakabehing barang.

٨١- وَلِسُلَيْمٰنَ الرِّيْحَ عَاصِفَةً تَجْرِيْ بِاَمْرِهٖۤ اِلَى
الْاَرْضِ الَّتِيْ بٰرَكْنَا فِيْهَا ۚ وَكُنَّا بِكُلِّ شَيْءٍ
عٰلِمِيْنَ ۝

Wa lisulaimaanar riiha 'aashifatan tajrii bi-amrihii ilal ardhil latii baaraknaa fiihaa, wa kunnaa bikulli syai-in 'aalimiin.

82. Lan Ingsun wus naklukake uga kanggo Sulaiman sagolongan syetan kang nyilem ing dhasaring Segara, lan uga padha nindakake panggawean liyane, lan Ingsun kang ngreksa marang dheweke.

٨٢- وَمِنَ الشَّيٰطِيْنِ مَنْ يَّغُوْصُوْنَ لَهٗ وَيَعْمَلُوْنَ
عَمَلًا دُوْنَ ذٰلِكَ ۚ وَكُنَّا لَهُمْ حٰفِظِيْنَ ۝

Wa minasy syaithaani may yaghuushuuna lahuu wa ya'maluuna 'amalan duuna dzaalik, wa kunnaa lahum haafizhiin.

83. Lan elinga caritane Ayub, nalika dheweke andedonga marang Pangerane: "Saestunipun kawula nandhang kasisahan ingkang sanget, lan Paduka punika Pangeran saasih-asihing ingkang asih!".

٨٣- وَاَيُّوْبَ اِذْ نَادٰى رَبَّهٗۤ اَنِّيْ مَسَّنِيَ الضُّرُّ وَاَنْتَ
اَرْحَمُ الرّٰحِمِيْنَ ۚ ۝

651). Miturut riwayat Ibnu Abbas r.a. anerangaken bilih menda ingkang sami ngrisak tanem tuwuh ing wekdal dalu, dening ingkang kagungan kasuwunaken pangadilan dhumateng ngarsanipun Nabi Dawud a.s. dipun tetepaken menda-menda dipun pasrahaken ingkang kagungan taneman, minangka gantosipun karugian. Dening Nabi Sulaiman a.s. dipun putusaken, menda-menda kapasrahaken dhateng ingkang kagungan taneman supados saged dipun pendhet manfa'atipun, lan ingkang gadhah menda kedah nglintoni taneman ingkang sisak. Manawi taneman sampun awoh, menda-menda kawangsulaken. Putusan pangadilanipun Kanjeng Nabi Sulaiman a.s. punika nyata langkung adil paripurna!

Wa ayyuuba idz naadaa rabbahuu annii massaniyadh dhurru wa anta arhamur raahimiin.

84. Ingsun nuli nyembadani panyuwune, Ingsun ilangake kasusahane kang disandhang, sarta Ingsun tekakake marang dheweke ahline (saanak-anake), lan satemene Ingsun paringi tambahan ahli minangka dadi rahmat saka ngarsanIngsun, lan pepeling tumrap wong-wong kang kumawula marang Allah.

٨٤- فَاسْتَجَبْنَا لَهُ فَكَشَفْنَا مَا بِهِ مِنْ ضُرٍّ ۖ وَآتَيْنَاهُ أَهْلَهُ وَمِثْلَهُمْ مَعَهُمْ رَحْمَةً مِنْ عِنْدِنَا وَذِكْرَىٰ لِلْعَابِدِينَ ۝

Fastajabnaa lahuu fakasyafnaa maa bihii min dhurriw wa aatainaahu ahlahuu wa mitslahum ma'ahum rahmatam min 'indinaa wa dzikraa lil'aabidiin.

85. Lan elinga caritane Isma'il, Idris lan Dzul Kifli, kabeh mau golongane wong kang sabar.

٨٥- وَإِسْمَاعِيلَ وَإِدْرِيسَ وَذَا الْكِفْلِ ۖ كُلٌّ مِنَ الصَّابِرِينَ ۖ ۝

Wa ismaa'iila wa idriisa wa dzalkifli, kullum minash shaabiriin.

86. Lan Ingsun wus nglebokake dheweke ana ing rahmatIngsun jalaran satemene dheweke iku golongane wong-wong kang padha becik (shaleh).

٨٦- وَأَدْخَلْنَاهُمْ فِي رَحْمَتِنَا ۖ إِنَّهُمْ مِنَ الصَّالِحِينَ ۝

Wa adkhalnaahum fii rahmatinaa, innahum minash shaalihiin.

87. Lan elinga caritane Yunus kang anduweni iwak (Dzun Nun), ing nalika dheweke lunga kanthi nepsu-muring, nuli duwe pangira yen Ingsun ora kuwasa matrapi siksa marang dheweke, dheweke nuli andedonga ana ing panggonan kang peteng, [652] mangkene ature: "Saestunipun boten wonten Pangeran kajawi Paduka, Maha Suci Paduka, saestunipun kawula dados golonganipun tetiyang ingkang nganiaya".

٨٧- وَذَا النُّونِ إِذْ ذَهَبَ مُغَاضِبًا فَظَنَّ أَنْ لَنْ نَقْدِرَ عَلَيْهِ فَنَادَىٰ فِي الظُّلُمَاتِ أَنْ لَا إِلَٰهَ إِلَّا أَنْتَ سُبْحَانَكَ ۖ إِنِّي كُنْتُ مِنَ الظَّالِمِينَ ۖ ۝

Wa dzannuuni idz dzahaba mughaadhiban fazhanna al-lan naqdira 'alaihi fanaadaa fizh zhulumaati al-laa-ilaaha illaa anta subhaanak, innii kuntu minazh . zhaalimiin.

88. Ingsun nuli nyembadani Panyuwune, sarta Ingsun nylametake saka kasusahan. Lan mangkono uga Ingsun nylametake wong-wong kang iman.

٨٨- فَاسْتَجَبْنَا لَهُ وَنَجَّيْنَاهُ مِنَ الْغَمِّ ۚ وَكَذَٰلِكَ نُنْجِي الْمُؤْمِنِينَ ۝

Fastajabnaa lahuu wa najjainaahu minal ghammi, wa kadzaalika nunjil mu'miniin.

652). Peteng wonten wanci dalu sarta wonten salebeting padharanipun ulam ageng.

89. Lan elinga caritane Zakaria, nalika dheweke ndonga marang Pangerane: "Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka sampun ngantos nilar ing kawula piyambakan boten gadhah anak, lan Paduka punika sasae-saenipun ingkang maris". 653)

٨٩. وَزَكَرِيَّآ إِذْ نَادَىٰ رَبَّهُۥ رَبِّ لَا تَذَرْنِى فَرْدًا وَأَنتَ خَيْرُ ٱلْوَٰرِثِينَ ۝

Wa zakariyyaa idz naadaa rabbahuu rabbi laa tadzarnii fardaw wa anta khairul waaritsiin.

90. Ingsun nuli nyembadani panyuwune sarta Ingsun paringi anak, yaiku Yahya, lan batihe Ingsun gawe becik. Satemene para Nabi iku padha rerikatan tumindak becik, sarta padha andedonga marang Ingsun kalawan pangarep-arep kinabulake, lan rasa kuwatir, sarta dheweke iku padha tansah khusyu' marang Ingsun.

٩٠. فَٱسْتَجَبْنَا لَهُۥ وَوَهَبْنَا لَهُۥ يَحْيَىٰ وَأَصْلَحْنَا لَهُۥ زَوْجَهُۥٓ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ يُسَٰرِعُونَ فِى ٱلْخَيْرَٰتِ وَيَدْعُونَنَا رَغَبًا وَرَهَبًا ۖ وَكَانُوا۟ لَنَا خَٰشِعِينَ ۝

Fastajabnaa lahuu wa wahabnaa lahuu yahyaa wa ashlahnaa lahuu zaujah, innahum kaanuu yusaari'uuna fil khairaati wa yad'uunanaa raghabaw wa rahabaa, wa kaanuu lanaa khaasyi'iin.

91. Lan elinga caritane Maryam, putri kang ngreksa pesarone (pangaji-ajining wanodya), Ingsun nuli nyebul rohIngsun marang dheweke, dheweke lan anake Ingsun dadekake tandha yekti kakuwasanIngsun ing Saindhening 'Alam Jagad Raya!

٩١. وَٱلَّتِىٓ أَحْصَنَتْ فَرْجَهَا فَنَفَخْنَا فِيهَا مِن رُّوحِنَا وَجَعَلْنَٰهَا وَٱبْنَهَآ ءَايَةً لِّلْعَٰلَمِينَ ۝

Wallaatii ah-shanat farjahaa fanafakhnaa fiihaa mir ruuhinaa wa ja'alnaahaa wabnahaa aayatal lil'aalamiin.

92. Satemene Agama Tauhid 654) iku Agama tumrap sira kabeh, Umat Ngagama kang sawiji lan Ingsun iku Pangeranira, mangka padha nyembahan marang Ingsun.

٩٢. إِنَّ هَٰذِهِۦٓ أُمَّتُكُمْ أُمَّةً وَٰحِدَةً وَأَنَا۠ رَبُّكُمْ فَٱعْبُدُونِ ۝

Inna haadzihii ummatukum ummataw waahidah, wa ana rabbukum fa'buduun.

93. Lan dheweke wus padha mrejeng-mrejeng 655) urusan Agamane, ing antarane dheweke, kabeh bae bakal padha bali sowan ana ing ngarsanIngsun.

٩٣. وَتَقَطَّعُوٓا۟ أَمْرَهُم بَيْنَهُمْ ۖ كُلٌّ إِلَيْنَا رَٰجِعُونَ ۝

Wa taqaththa'uu amrahum bainahum, kullun ilainaa raaji'uun.

---

653). Saupami Gusti Allah boten paring katurunan putra, Nabi Zakaria a.s. sumarah (tawakkal) dhumateng Allah, jalaran yakin bilih Allah punika sasae-saenipun Dzat ingkang sae piyambak dados waris!

654). Inggih punika Agami ingkang adhedhasar sami wonten ing bab iman bilih Allah SWT punika Esa (Sawiji), boten musyrikaken sakedhik-kedhika, lan ugi sami pokok-pokok Syare'atipun.

655). Sambet katerangan ayat 92, bilih Agami punika namung Satunggal, inggih **Agami ingkang sumarah ing Allah**, utawi **Agami Islam**. Pramila sampun satrepipun para manungsa namung ngrasuk Agami Satunggal (Agami Tauhid), ananging nyatanipun sami ngrasuk Agami warni-warni, boten Satunggal, dados sadaya ingkang ngrasuk Agami mawarni-warni wau tamtu badhe sowan ngarsa dalem Allah piyambak, ing supados saged dipun Hisab, dipun Adili saadil-adilipun dening Allah ingkang Murbeng Jagad.

94. Mangka sing sapa wonge nindakake sanajan sathithik saka amal-amal shaleh, tur dheweke iman, mangka ora ketutup tumrap amale, lan yekti Ingsun arsa nulis amalane iku tumrap dheweke.

٩٤- فَمَنْ يَّعْمَلْ مِنَ الصّٰلِحٰتِ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَا كُفْرَانَ لِسَعْيِهٖ ۚ وَاِنَّا لَهٗ كٰتِبُوْنَ ۝

Famay ya'mal minash shaalihaati wa huwa mu'minun falaa kufraana lisa'yihii wa innaa lahuu kaatibuun.

95. Satemene ora bakal mungkin tumraping warga sawijining Negara kang wus Ingsun sirnakake iku padha bali maneh urip ana ing Donya (ora disowanake marang Ingsun).

٩٥- وَحَرٰمٌ عَلٰى قَرْيَةٍ اَهْلَكْنٰهَآ اَنَّهُمْ لَا يَرْجِعُوْنَ ۝

Wa haraamun 'alaa qaryatin ahlaknaahaa annahum laa yarji'uun.

96. Nganti tumekaning waktu dibukakake tembok Ya'juj lan Ma'juj, lan dheweke padha gegancangan mudhun saka panggonan-panggonan kang dhuwur.

٩٦- حَتّٰٓى اِذَا فُتِحَتْ يَاْجُوْجُ وَمَاْجُوْجُ وَهُمْ مِّنْ كُلِّ حَدَبٍ يَّنْسِلُوْنَ ۝

Hattaa idzaa futihat ya'juuju wa ma'juuju wahum min kulli hadabiy yansiluun.

97. Lan ing waktu iku wus cedhak tekaning janji kang nyata (dina tangi saka kubur), sakala iku mripat-mripate wong-wong kafir padha pating pendongong, sambate: "Adhuh, cilaka banget, sanyata awake dhewe kabeh iki biyen padha nglalekake perkara iki, malah aku kabeh iki wong kang padha zhalim".

٩٧- وَاقْتَرَبَ الْوَعْدُ الْحَقُّ فَاِذَا هِيَ شَاخِصَةٌ اَبْصَارُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا يٰوَيْلَنَا قَدْ كُنَّا فِيْ غَفْلَةٍ مِّنْ هٰذَا بَلْ كُنَّا ظٰلِمِيْنَ ۝

Waqtarabal wa'dul haqqu fa-idzaa hiya syaakhishatun absharul ladziina kafaruu yaa wailanaa qad kunnaa fii ghaflatim min haadzaa bal kunnaa zhaalimiin.

98. Sanyata sira kabeh lan kang sira sembah-sembah saliyane Allah, iku dianggo urub-urubing Neraka Jahanam, sira kabeh padha bakal dicemplungake ing kono.

٩٨- اِنَّكُمْ وَمَا تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ حَصَبُ جَهَنَّمَ ۭ اَنْتُمْ لَهَا وٰرِدُوْنَ ۝

Innakum wamaa ta'buduuna min duunil laahi hashabu jahannam, antum lahaa waariduun.

99. Saupama brahala-brahala iku Pangeran, mesthi ora padha mlebu ing Neraka, lan kabeh bae ana ing kono bakal langgeng!

٩٩- لَوْ كَانَ هٰٓؤُلَاۗءِ اٰلِهَةً مَّا وَرَدُوْهَا ۭ وَكُلٌّ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Lau kaana haa-ulaa-i aalihatam maa waraduuhaa, wa kullun fiihaa khaaliduun.

100. Ana ing sajeroning geni mau dheweke padha sambat-sambat, lan ana ing kono dheweke ora padha bisa krungu apa-apa jalaran brebeg.

١٠٠- لَهُمْ فِيهَا زَفِيرٌ وَهُمْ فِيهَا لَا يَسْمَعُونَ ۝

Lahum fiihaa zafiiruw wahum fiihaa laa yasma'uun.

101. Sanyata wong-wong kang wus ana katetepane becik saka ngarsanIngsun, dheweke iku bakal padha diedohake saka geni Neraka.

١٠١- إِنَّ الَّذِينَ سَبَقَتْ لَهُمْ مِنَّا الْحُسْنَىٰ أُولَٰئِكَ عَنْهَا مُبْعَدُونَ ۝

Innal ladziina sabaqat lahum minnal husnaa ulaa-ika 'anhaa mub'aduun.

102. Dheweke mau ora padha krungu sithik-sithika suwaraning geni Neraka, lan dheweke bakal padha langgeng ngrasakake kani'matan apa bae kang dipingini dening atine.

١٠٢- لَا يَسْمَعُونَ حَسِيسَهَا وَهُمْ فِي مَا اشْتَهَتْ أَنْفُسُهُمْ خَالِدُونَ ۝

Laa yasma'uuna hasiisahaa, wahum fii masytahat anfusuhum khaaliduun.

103. Dheweke ora padha ketaman susah dening kahanan kang nggegirisi-banget ing dina Qiyamat, lan dheweke padha dipetukake dening para Malaikat kalawan pangayubagya: "Inggih dinten punika wekdal-wekdal ingkang tansah dipun janjekaken dhateng panjenengan".

١٠٣- لَا يَحْزُنُهُمُ الْفَزَعُ الْأَكْبَرُ وَتَتَلَقَّاهُمُ الْمَلَائِكَةُ هَٰذَا يَوْمُكُمُ الَّذِي كُنْتُمْ تُوعَدُونَ ۝

Laa yahzunuhumul faza'ul akbaru wa tatalaqqaahumul malaa-ikah, haadzaa yaumukumul ladzii kuntum tuu'aduun.

104. Yaiku ana ing dina Ingsun anggulung Langit kaya dene nggulung lembaran-lem - baran kertas, uga kaya dene anggone Ingsun miwiti dumadining titah kang nuli Ingsun balekake, iya kaya mangkono anggonIngsun nggulung Langit. Iku sawijining janji kang mesthi Ingsun tetepi, sanyata Ingsun yekti bakal ngleksanakake!

١٠٤- يَوْمَ نَطْوِي السَّمَاءَ كَطَيِّ السِّجِلِّ لِلْكُتُبِ كَمَا بَدَأْنَا أَوَّلَ خَلْقٍ نُعِيدُهُ وَعْدًا عَلَيْنَا إِنَّا كُنَّا فَاعِلِينَ ۝

Yauma nathwis samaa-a kathayyis sijilli lilkutub, kamaa bada'naa awwala khalqin nu'iiduh, wa'dan 'alainaa, innaa kunnaa faa'iliin.

105. Lan sayekti Ingsun wus nulis ana ing Kitab-KitabeIngsun sawuse Sun tulis ing Lauhil Mahfuzh,[656] yen Bumi iki bakal diwaris (diwengku) dening kawulanIngsun kang shaleh.

١٠٥- وَلَقَدْ كَتَبْنَا فِي الزَّبُورِ مِنْ بَعْدِ الذِّكْرِ أَنَّ الْأَرْضَ يَرِثُهَا عِبَادِيَ الصَّالِحُونَ ۝

656). Para Ulama Tafsir saweneh anerangaken bilih Kitab Zabur kasebat maksudipun sadaya Kitab-kitab ingkang dipun turunaken dening Allah SWT. Sabageyan malih Ahli Tafsir nerangaken, bilih punika Kitab ingkang dipun ampil Nabi Dawud a.s. dados tembung Adz-Dzikr ing ayat punika ingkang dipun maksud Kitab Taurat.

Walaqad katabnaa fiz zabuuri mim ba'-didz dzikri annal ardha yaritsuhaa 'ibaadiyash shaalihuun.

106. Sanyata kang kasebut ana ing Quraan iki, yekti nyukupi sekabeyane marang wong kang padha tansah 'ibadah ing Allah.

١٠٦- إِنَّ فِي هَٰذَا لَبَلَاغًا لِّقَوْمٍ عَٰبِدِينَ ۝

Inna fii haadzaa labalaaghal liqaumin 'aabidiin.

107. Lan Ingsun ora angutus ing sira, kajaba dadi rahmat marang 'Alam Jagad Raya.

١٠٧- وَمَا أَرْسَلْنَٰكَ إِلَّا رَحْمَةً لِّلْعَٰلَمِينَ ۝

Wamaa arsalnaaka illaa rahmatal lil-'aalamiin.

108. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata kang diwahyokake marang aku, yaiku: "Yen satemene Pangeranira iku Pangeran kang Maha Esa. Mula saka iku sira padha sumaraha marang PanjenengaNe!".

١٠٨- قُلْ إِنَّمَا يُوحَىٰٓ إِلَيَّ أَنَّمَآ إِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ ۖ فَهَلْ أَنتُم مُّسْلِمُونَ ۝

Qul innamaa yuuhaa ilaiyya annanaa ilaahukum ilaahuw waahid, fahal antum muslimuun.

109. Manawa wong-wong mau mlengos (ora gelem Islam), mangka dhawuha sira Muhammad: "Aku ngondhangake perlawanan marang sira kanthi sapadha-padha. Lan aku ora ngerti apa wus cedhak apa isih adoh tumibane siksa kang dijanjekake tumrap sira".

١٠٩- فَإِن تَوَلَّوْا فَقُلْ ءَاذَنتُكُمْ عَلَىٰ سَوَآءٍ ۖ وَإِنْ أَدْرِىٓ أَقَرِيبٌ أَم بَعِيدٌ مَّا تُوعَدُونَ ۝

Fa-in tawallau faqul aadzantukum 'alaa sawaa-in wa in adrii aqariibun am ba-'iidum maa tuu'aduun.

110. Sajatine Allah iku Maha Ngawuningani ucapan apa bae kang ngedheng lan PanjenengaNe Ngawuningani apa bae kang sira umpetake.

١١٠- إِنَّهُۥ يَعْلَمُ ٱلْجَهْرَ مِنَ ٱلْقَوْلِ وَيَعْلَمُ مَا تَكْتُمُونَ ۝

Innahuu ya'lamul jahra minal qauli wa ya'lamu maa taktumuun.

111. Lan aku ora mangerti, bisa uga anggone diakherake siksa iku dadi coba tumrap sira, lan kanggo kasenengan tumeka titi mangsane (siksa iku tumiba)".

١١١- وَإِنْ أَدْرِى لَعَلَّهُۥ فِتْنَةٌ لَّكُمْ وَمَتَٰعٌ إِلَىٰ حِينٍ ۝

Wa-in adrii la'allahuu fitnatul lakum wa mataa'un ilaa hiin.

112. Muhammad sira ngucapa: "Dhuh Pangeran kawula! mugi Paduka paring kaputusan hukum ingkang leres". Lan Pangeran-ku iku kang Maha Murah, kang disuwuni

١١٢- قَٰلَ رَبِّ ٱحْكُم بِٱلْحَقِّ ۗ وَرَبُّنَا ٱلرَّحْمَٰنُ ٱلْمُسْتَعَانُ عَلَىٰ مَا تَصِفُونَ ۝

pitulung, ingatase perkara kang padha sira gawe-gawe sesebutan gegorohan".

Qaala rabbih-kum bil-haqq, wa rabbunar rahmaanul musta'aanu 'alaa maa ta-shifuun.

***). Minangka panutuping katerangan ingkang wigatos nyinau-tandhingan (comparative Study of Quran) saking surat Al Anbiyaa' lan surat Al Hajj, saged katerangaken makaten :

1. Surat Al Anbiyaa' ing akhiripun nerangaken bab kadadosanipun dinten **Qiyamat ingkang** anggegirisi, dene ing awalipun surat Al Hajj ambuktekaken tandha **yektinipun dinten** tangi saking kubur gesang malih perlu dipun Hisab 'amal tumindakipun!
2. Ing surat Al Anbiyaa' katerangaken bilih manungsa punika gesangipun boten langgeng wonten Donya, badhe pejah sadaya, lajeng badhe dipun tangekaken saking kubur, perlu dipun hisab ing ngarsaning Allah SWT. Dene ing surat Al Hajj njlentrehaken bilih mula bukaning tanem tuwuh sami thukul ing Bumi ingkang sawahu pejah, punika mbuktekaken badhe dinten tangi saking kubur!

AL HAJJ (HAJI)

Surat kaping 22 : 78 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kajaba ayat 52, 53, 54 lan 55 kawahyok ke ana ing antarane Mekkah lan Madinah, 78 ayat.
Tumurun sawuse surat An Nur.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Gonjinging dina Qiyamat kang nggegirisi.

١ - يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوْا رَبَّكُمْ ۚ اِنَّ زَلْزَلَةَ السَّاعَةِ شَيْءٌ عَظِيْمٌ ۝

1. He para manungsa, sira padha wedia marang Pangeranira, jalaran satemene gonjinging dina Qiyamat iku sawijining kadadeyan kang nggegirisi.

Yaa ayyuhan naasut taquu rabbakum, inna zalzalatas saa'ati syai-un 'azhiim.

٢ - يَوْمَ تَرَوْنَهَا تَذْهَلُ كُلُّ مُرْضِعَةٍ عَمَّآ اَرْضَعَتْ وَتَضَعُ كُلُّ ذَاتِ حَمْلٍ حَمْلَهَا وَتَرَى النَّاسَ سُكٰرٰى وَمَا هُمْ بِسُكٰرٰى وَلٰكِنَّ عَذَابَ اللّٰهِ شَدِيْدٌ ۝

2. Elinga! ana ing dinane sira sumurup gonjinging dina Qiyamat mau, kabeh wanita kang nyusoni lali marang anake kang disusoni, lan kabeh kang padha ngandheg padha nglahirake wetengane, lan sira sumurup para manungsa kahanane katon padha mendem, ananging sajatine ora mendem, mung bae jalaran saka bangeting siksane Allah.

Yauma taraunahaa tadzhalu kullu murdhi'atin 'ammaa ardha'at wa tadha'u kullu dzaati hamlin hamlahaa wa taran naasa sukaaraa wamaa hum bisukaaraa walaakinna 'adzaaballaahi syadiid.

٣ - وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يُّجَادِلُ فِى اللّٰهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ وَّيَتَّبِعُ كُلَّ شَيْطٰنٍ مَّرِيْدٍ ۝

3. Lan sawenehe manungsa ana kang mbantah ana ing Agamaning Allah, tanpa pangertian lan dheweke manut syetan kang tansah gawe rusak.

Waminan naasi may yujaadilu fillaahi bighairi 'ilmiw wa yattabi'u kulla syaithaanim mariid.

٤ - كُتِبَ عَلَيْهِ أَنَّهُ مَنْ تَوَلَّاهُ فَأَنَّهُ يُضِلُّهُ وَيَهْدِيهِ
إِلَىٰ عَذَابِ السَّعِيرِ ۝

Kutiba 'alaihi annahuu man tawallaahu fa-annahuu yudhilluhuu wa yahdiihi ilaa 'adzaabis sa'iir.

4. Wus ditetepake tumrap syetan iku, yen satemene sapa wonge kang ngalap panutan marang syetan, temen dheweke bakal nyasarake wong iku, lan syetan nuntun marang dalaning siksa Neraka kang muladmulad!

Geneya padha mamang bakal tangi saka kubur?

٥ - يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِن كُنتُمْ فِي رَيْبٍ مِّنَ الْبَعْثِ فَإِنَّا
خَلَقْنَاكُم مِّن تُرَابٍ ثُمَّ مِن نُّطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ
ثُمَّ مِن مُّضْغَةٍ مُّخَلَّقَةٍ وَغَيْرِ مُخَلَّقَةٍ لِّنُبَيِّنَ
لَكُمْ وَنُقِرُّ فِي الْأَرْحَامِ مَا نَشَاءُ إِلَىٰ أَجَلٍ مُّسَمًّى
ثُمَّ نُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوا أَشُدَّكُمْ وَمِنكُم
مَّن يُتَوَفَّىٰ وَمِنكُم مَّن يُرَدُّ إِلَىٰ أَرْذَلِ الْعُمُرِ لِكَيْلَا
يَعْلَمَ مِن بَعْدِ عِلْمٍ شَيْئًا ۚ وَتَرَى الْأَرْضَ هَامِدَةً
فَإِذَا أَنزَلْنَا عَلَيْهَا الْمَاءَ اهْتَزَّتْ وَرَبَتْ وَأَنبَتَتْ
مِن كُلِّ زَوْجٍ بَهِيجٍ ۝

Yaa ayyuhan naasu inkuntum fii raibim minal ba'tsi fa-innaa khalaqnaakum min turaabin tsumma min nuthfatin tsumma min 'alaqatin tsumma mim mudhghatin mukhallaqatiw wa ghairi mukhallaqatil linubayyina lakum, wa nuqirru fil arhaami maa nasyaa-u ilaa ajalim musamman tsumma nukhrijukum thiflan tsumma litablughuu asyud dakum, wa minkum may yutawaffaa minkum may yuraddu ilaa ardzalil 'umuri likailaa ya'lama mim-ba'di 'ilmin syai-aa, wa taral-ardha haamidatan faidzaa anzalnaa 'alaihal maa-ah tazzat wa rabat wa ambatat min kulli zaujim bahiij.

5. He para manungsa! manawa sira mamang marang bakal tangine wong kang wus mati, mengertia satemene Ingsun wus nitahake sira saka lemah, banjur saka kama, banjur saka getih kenthel, banjur saka daging kempel, ana kang disampurnakake, lan ana kang ora disampurnakake yaiku lahir kluron. Kang mangkono mau perlu Ingsun anggo nerangake marang sira ana ing kakuwasaan-Ingsun. Lan Ingsun netepake ana ing pranakan apa kang dadi kaparenging karsan-Ingsun tekan mangsa kang wus ditamtokake. Ingsun banjur nglahirake sira dadi bayi, sateruse ndungkap diwasa tekane dadi kuwat kang sampurna. Lan sawenehe ana kang mati sadurunge tuwa, lan sawenehira ana kang dibalekake marang saasor-asore umur (pikun); sahingga dheweke ora ngerti ing barang kang biyen wus tau dimangerteni. Lan uga sira sumurup dhewe Bumi iku garing, mangka manawa Ingsun turunake banyu, Bumi mau banjur obah lan mekar subur, sarta nawuhake sawarnaning thethukulan kang endah.

٦ - ذَٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ هُوَ الْحَقُّ وَأَنَّهُ يُحْيِي الْمَوْتَىٰ وَ
أَنَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ۝

Dzaalika bi-annallaaha huwal haqqu wa annahuu yuhyil mautaa wa annahuu 'alaa kulli syai-in qadiir.

6. Kabeh kang kasebut kaya mangkono mau proses kadadeyan titah, padha sumurupa yen satemene Allah iku haq, lan sanyata PanjenengaNe iku kuwasa nguripake barang kang biyen wus mati, lan satemene PanjenengaNe iku Maha Kuwasa ingatase samubarang!

٧ - وَّاَنَّ السَّاعَةَ اٰتِيَةٌ لَّا رَيْبَ فِيْهَا ۙ وَاَنَّ اللّٰهَ يَبْعَثُ مَنْ فِى الْقُبُوْرِ ۝

Wa annas saa'ata aatiyatul laa raiba fiihaa, wa annallaaha yab'atsu man fil qubuur.

7. Lan satemene dina Qiyamat iku mesthi kaleksanan. Ora mamang maneh, lan temen Allah bakal nangekake sapa wae kang ana ing kubur.

٨ - وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يُّجَادِلُ فِى اللّٰهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ وَّلَا هُدًى وَّلَا كِتٰبٍ مُّنِيْرٍ ۝

Waminan naasi may yujaadilu fillaahi bighairi 'ilmiw walaa hudaw walaa kitaabim muniir.

8. Lan sawenehe manungsa ana wong kang ambantah perkara Agamane Allah, tanpa ilmu pangertian, tanpa pituduh, lan ora nganggo Kitab (Wahyu) kang madhangi dalaning ngaurip.

٩ - ثَانِىَ عِطْفِهٖ لِيُضِلَّ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۭ لَهٗ فِى الدُّنْيَا خِزْيٌ وَّنُذِيْقُهٗ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ عَذَابَ الْحَرِيْقِ ۝

Tsaaniya 'ithfihii liyudhilla 'an sabiilillaah, lahuu fid-dun-yaa khizyuw wa nudziiquhuu yaumal qiyaamati 'adzaabal hariiq.

9. Dheweke ngumbal-ngumbalake lambunge karana gumedhe, perlune mung arep nyasarake manungsa saka Agamane Allah. Dheweke dadi ina ana ing Donya, lan ana ing dina Qiyamat bakal Ingsun tamakake siksaning Neraka kang ngobong anggosongake.

١٠ - ذٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ يَدٰكَ وَاَنَّ اللّٰهَ لَيْسَ بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيْدِ ۝

Dzaalika bimaa qaddamat yadaaka wa annallaaha laisa bidhallaamil lil'abiid.

10. Wong-wong bakal didhawuhi: "Siksa kang kaya mangkono iku, jalaran perkara kang wus ditindakake dening tanganira loro, lan satemene Allah iku ora nganiaya marang para kawulaNe".

Geneya minggrang-minggring nindakake Agama?

١١ - وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّعْبُدُ اللّٰهَ عَلٰى حَرْفٍ ۚ فَاِنْ اَصَابَهٗ خَيْرُ ۨ اطْمَاَنَّ بِهٖ ۚ وَاِنْ اَصَابَتْهُ فِتْنَةُ ۨ انْقَلَبَ عَلٰى وَجْهِهٖ ۚ خَسِرَ الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةَ ۭ ذٰلِكَ هُوَ الْخُسْرَانُ الْمُبِيْنُ ۝

11. Lan sawenehe manungsa ana wong kang nyembah marang Allah ngamplik kalawan ati kang minggrang-minggring. Manawa dheweke oleh kasenengan tetep anteng atine, nanging manawa nandhang cilaka, banjur mbalik ngungkurake Agama dadi murtad. Sanyata kang mangkono iku rugi ana ing Donya lan Akherat. Hiya mangkono iku wong kang kapitunan kang nyata.657)

657). Suraosing ayat punika, manawi kita introspeksi utawi metani salira pribadi-pribadining tiyang, kados kapilah-pilahaken ing ayat kasebat, bilih sawenehipun manungsa wonten ingkang nyembah ing Allah (anindakaken Agami Islam) punika ngamplik sanget lan manahipun minggring-minggring! Boten perlu dipun tutup-tutupi malih dhasar nyata, wonten tiyang nglampahi Agami punika namung ngarah dhateng kamukten utawi kasenenganipun ngagesang ing Donya!.

Waminan naasi may ya'budullaaha 'alaa harfin fa-in ashaabahuu khairu(n)ithma-anna bih, wa-in ashaabat-hu fitnatu(n)in-qalaba 'alaa wajhih, khasirad dun-yaa wal aakhirah, dzaalika huwal khusraanul mubiin.

12. Dheweke manembah saliyane Allah, kang ora bisa aweh madharat manawa ora disembah, lan ora bisa aweh manfa'at manawa disembah. Kang mangkono iku sasar kang adoh.

١٢- يَدْعُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَضُرُّهٗ وَمَا لَا يَنْفَعُهٗ ۭ ذٰلِكَ هُوَ الضَّلٰلُ الْبَعِيْدُ ۝

Yad'uu min duunillaahi maa laa yadhur-ruhuu wamaa laa yanfa'uh, dzaalika huwadh dhalaalul ba'iid.

13. Dheweke nyembah marang kang luwih cedhak madharate tinimbang manfa'ate. Temen kang disembah-sembah iku ala-alane bendara lan ala-alane kanca.

١٣- يَدْعُوْا لَمَنْ ضَرُّهٗٓ اَقْرَبُ مِنْ نَّفْعِهٖ ۭ لَبِئْسَ الْمَوْلٰى وَلَبِئْسَ الْعَشِيْرُ ۝

Yad'uu laman dharruhuu aqrabu min naf'ih, labi'sal maulaa walabi'sal 'asyiir.

14. Temen Allah bakal nglebokake wong kang padha Mu'min, lan padha amal shaleh ing Suwarga endah, kali-kaline mili ara sangisore. Sanyata Allah mau nindakake apa sakarsaNe.

١٤- اِنَّ اللّٰهَ يُدْخِلُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ ۭ اِنَّ اللّٰهَ يَفْعَلُ مَا يُرِيْدُ ۝

Dados boten sabab saking **sumarahipun ing Allah**, utawi saking kayakinanipun dhateng leresipun Agami wau. Awit saking punika, piyambakipun wau nalika pinaringan mukti wibawa utawi seneng gesangipun, mantep sanget dhateng Agami wau, rumaos sampun cocok lan jodho, ananging manawi kenging cobi, ngrekaos gesangipun, lajeng kemawon murtad, ambalik saking Agaminipun, utawi lajeng kendho kemba ical sumangetipun, rumaos boten cocok utawi kirang jodho kaliyan Agaminipun wau. Tiyang ingkang makaten punika tiyang cilaka ing Donya lan Akheratipun, wonten Donya sangsaranipun wau inggih boten badhe saged sirna sabab murtad, tur mangkenipun tamtu badhe dipun ewani utawi dipun singkiri kanca-mitranipun, sarta badhe ical kamulyan tuwin perbawanipun, sarta benjing wonten ing Akherat badhe kasiksa wonten ing Neraka sarta kasingkur dening Allah ingkang Maha Luhur.

Kawontenan ingkang makaten wau, boten namung pinanggih wonten ing tumindaking Agami kemawon, ananging ugi pinanggih wonten ing lampahing Pergerakan Nasional utawi patembayan ekonomi (perdagangan, perseroan terbatas, komoditi, kontraktor) utawi pakempalan-pakempalan sosial sanes-sanesipun, ingkang underanipun, kasangeten anggenipun nguthuh untung piyambak, lajeng nilar ing kanca (kolega utawi group-ipun) utawi nyade Bangsa lan Nusa sarana regi mirahan, anggepipun punika kagadhahanipun ingkang embah! Dados pakempalan utawi pergerakan utawi jabatan punika namung kangge kedhok, kangge topeng, namung kangge pirantos suka-suka andrawina (estri - wiski - lan nyanyi-nyanyi) thok! Manawi piyambakipun wonten ing riku punika badhe angsal-angsalan, hasil ingkang dados sedyanipun, katingal mempeng, gumagah lan mantep sanget dhateng pergerakanipun utawi kempalanipun. Ananging manawi agakipun boten saged kadumugen punapa pikajenganipun, lajeng kemawon anggendring mlencing, mlajar sipat kuping, nilar pergerakan lan pakempalanipun wau, terkadang mawi nyenyacat kanca-mitranipun, satunggal-satunggalipun sami balapan mecat tilas kancanipun, ing wusana masyarakat anjawi lajeng mangertos, jebulipun sadaya ingkang regejegan wau pados homo homini lupus, pados jenang lan jeneng thok, lan anggenipun amal kasaenanipun rumiyin punika lamis utawi pupur kemawon! Inggih kados makaten punika wujudipun lan blegering profil tiyang **munafek** ingkang andrawasi sanget ing masyarakat lan Negari. Tambah pinter tehnis munafekipun ugi badhe tambah chronis sasakiting masyarakat lan Negari wau, pramila ambengkas ing korupsi, manipulasi, imitasi, opportunisme, lan sadaya anak cabang ranting munafek, kedah kiyat!

Innallaaha yudkhilul ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati jannaatin tajrii min tahtihal anhaar, innallaaha yaf'alu maa yuriid.

15. Sing sapa wonge nduwe panyana manawa Allah iku ora paring pitulung marang Muhammad ing Donya lan Akherat,[658] supaya dheweke ngulurna tali menyang Langitaning omah, nuli taline disingsetake marang gulune, nuli supaya dheweke mikir apa tumindak kang mangkono iku bisa ngilangake apa kang gawe lara atine?

١٥- مَنْ كَانَ يَظُنُّ أَنْ لَّنْ يَّنْصُرَهُ اللّٰهُ فِي الدُّنْيَا وَ الْاٰخِرَةِ فَلْيَمْدُدْ بِسَبَبٍ اِلَى السَّمَآءِ ثُمَّ لْيَقْطَعْ فَلْيَنْظُرْ هَلْ يُذْهِبَنَّ كَيْدُهٗ مَا يَغِيْظُ ۝

Man kaana yazhunnu allay yanshurahul laahu fid-dun-yaa wal aakhirati falyamdud bisababin ilas samaa-i tsummal yaqtha' falyanzhur hal yudzhibanna kaiduhuu maa yaghiizh.

16. Lan kaya mangkono Ingsun nurunake Quraan pirang-pirang Ayat kang nyata, lan satemene Allah iku paring pituduh marang wong kang dadi kaparenging karsaNe.

١٦- وَكَذٰلِكَ اَنْزَلْنٰهُ اٰيٰتٍۢ بَيِّنٰتٍ ۙ وَّاَنَّ اللّٰهَ يَهْدِيْ مَنْ يُّرِيْدُ ۝

Wa kadzaalika anzalnaahu aayaatim bayyinaatiw wa annallaaha yahdii may yuriid.

17. Satemene wong kang padha Mu'min, wong-wong Yahudi, wong-wong Shabiin[659] (kang padha nyembah Lintang), wong-wong Nasrani, wong-wong Majusi, lan wong-wong kang musyrik, satemene Allah bakal ngukumi antarane wong-wong mau kabeh ana ing dina Qiyamat. Sanyata Allah iku Maha Nyekseni ing kabeh prakara.

١٧- اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَالَّذِيْنَ هَادُوْا وَالصّٰبِـُٔوْنَ وَ النَّصٰرٰى وَالْمَجُوْسَ وَالَّذِيْنَ اَشْرَكُوْٓا ۖ اِنَّ اللّٰهَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ شَهِيْدٌ ۝

Innal ladziina aamanuu walladziina haaduu wash-shaabi-iina wan-nashaaraa wal majuusa walladziina asyrakuu, innallaaha yafshilu bainahum yaumal qiyaamati innallaaha 'alaa kulli syai-in syahiid.

18. Apa sira ora sumurup, yen satemene Allah iku kang disujudi dening kabeh kang ana ing Langit-langit lan kabeh kang ana ing Bumi. Srengenge, Rembulan lan Lintang-lintang, Gunung-gunung, wit-witan, kabeh sato-kewan, lan sabagean akeh saka manungsa? Lan akeh para manungsa kang ka-

١٨- اَلَمْ تَرَ اَنَّ اللّٰهَ يَسْجُدُ لَهٗ مَنْ فِي السَّمٰوٰتِ وَمَنْ فِي الْاَرْضِ وَالشَّمْسُ وَالْقَمَرُ وَالنُّجُوْمُ وَالْجِبَالُ وَالشَّجَرُ وَالدَّوَآبُّ وَكَثِيْرٌ مِّنَ النَّاسِ ۭ وَكَثِيْرٌ حَقَّ عَلَيْهِ الْعَذَابُ ۭ وَمَنْ يُّهِنِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ

658). Sasampunipun piwucal Islam sawatawis sumiyar ing Jazirah Arab, saweneh kafir Mekkah sami jengkel lan benci manahipun. Pramila dipun sekarep punapa tumindak salajengipun tetiyang kafir wau, ananging nyatanipun dumugi sapunika Agami Islam tambah sumiyar Da'wah ipun, miturut Statistik tahun 1978, ummat Islam ± 650.000.000 ing Donya Internasional.

659). Mirsanana ayat 62 surat Al-Baqarah.

patrapan siksa. Lan sing sapa diasorake dening Allah, mangka ora ana wong kang bisa mulyakake, satemene Allah iku atindak miturut kaparenging karsaNe.

مُكْرِمٍ ۚ إِنَّ اللَّهَ يَفْعَلُ مَا يَشَاءُ ۝ السجدة

Alam tara annallaaha yasjudu lahuu man fis-samaawaati waman fil ardhi wasy-syamsu wal qamaru wan-nujuumu wal jibaalu wasy-syajaru wad-dawaabbu wa katsiirum minan naas, wa katsiirun haqqa 'alaihil 'adzaab, wamay yuhinil-laahu famaa lahuu mim mukrim, innal-laaha yaf'alu maa yasyaa'.

Neraka piwales tumrap wong kafir, Suwarga ganjaran tumrap wong Mu'min.

19. Iya iki rong golongan, golongan Mu'min lan golongan kafir, wus padha bebantahan ana ing Agamane Pangerane. Mangka wong-wong kang kafir marang Nabi Muhammad lan Quraan, yekti disandhangi tumrap dheweke panganggo saka geni, bakal digrujugake saka sadhuwuring endhase banyu kang banget panase.

١٩- هٰذَانِ خَصْمَانِ اخْتَصَمُوا فِي رَبِّهِمْ ۖ فَالَّذِينَ كَفَرُوا قُطِّعَتْ لَهُمْ ثِيَابٌ مِّن نَّارٍ يُصَبُّ مِن فَوْقِ رُءُوسِهِمُ الْحَمِيمُ ۝

Haadzaani khashmaanikh tashamuu fii rabbihim falladziina kafaruu quththi'at lahum tsiyaabum minnaar, yushabbu min fauqi ru-uusihimul hamiim.

20. Diejur kalawan banyu kang panas iku kabeh isining wetenge lan kulit-kulite.

٢٠- يُصْهَرُ بِهِ مَا فِي بُطُونِهِمْ وَالْجُلُودُ ۝

Yush-haru bihii maa fii buthuunihim wal juluud.

21. Lan disadhiakake tumrap wong-wong mau pirang-pirang gada wesi.

٢١- وَلَهُم مَّقَامِعُ مِنْ حَدِيدٍ ۝

Walahum maqaamiʿu min hadiid.

22. Saben-saben wong-wong mau arep metu saka Neraka jalaran saka banget susahe, nuli dibalekake maneh marang Neraka sarta didhawuhake marang dheweke: "Mara rasakna siksa kang ngobong anggosongake iku".

٢٢- كُلَّمَا أَرَادُوا أَن يَخْرُجُوا مِنْهَا مِنْ غَمٍّ أُعِيدُوا فِيهَا وَذُوقُوا عَذَابَ الْحَرِيقِ ۝ ع

Kullamaa araaduu ay yakhrujuu minhaa min ghammin u'iiduu fiihaa, wa dzuuquu 'adzaabal hariiq.

23. Satemene Allah bakal nglebokake wong-wong Mu'min kang nindakake amal shaleh marang Suwarga kang ngisore ana kaline mili, ana ing kono wong-wong mau dipaes-paesi kalawan gelang emas lan mutiara. Lan sandhangane wong-wong mau ana ing kono sandhangan sutra.

٢٣- إِنَّ اللَّهَ يُدْخِلُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ يُحَلَّوْنَ فِيهَا مِنْ أَسَاوِرَ مِن ذَهَبٍ وَلُؤْلُؤًا ۖ وَلِبَاسُهُمْ فِيهَا حَرِيرٌ ۝

Innallaaha yudkhilul ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru yuhallauna fiihaa min asaawira min dzahabiw wa lu'lu-aa, wa libaasuhum fiihaa hariir.

24. Lan wong-wong mau nalika ana Donya dituduhake marang pocapan kang becik Laa ilaaha illallaah, lan dituduhake marang dalan kang pinuji yaiku Agama Islam.

٢٤ - وَهُدُوٓا إِلَى الطَّيِّبِ مِنَ الْقَوْلِ ۚ وَهُدُوٓا إِلَىٰ صِرَاطِ الْحَمِيدِ ۝

Wa huduu ilath thayyibi minal qaul, wa huduu ilaa shiraathil hamiid.

25. Satemene wong-wong kang padha kafir lan padha ngalang-alangi manungsa saka Agamane Allah lan saka Masjidil Haram kang wus Ingsun dadekake papan ibadah kanggo para manungsa sa-Donya, padha uga kang wus muqim utawa kang neneka, lan sing sapa nediya nindakake larangan kalawan nganiaya ana ing Mesjid iku, yekti Ingsun bakal matrapi marang dheweke kalawan siksa kang lara banget.

٢٥ - إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَيَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ اللَّهِ وَالْمَسْجِدِ الْحَرَامِ الَّذِي جَعَلْنَاهُ لِلنَّاسِ سَوَاءً الْعَاكِفُ فِيهِ وَالْبَادِ ۚ وَمَن يُرِدْ فِيهِ بِإِلْحَادٍ بِظُلْمٍ نُّذِقْهُ مِنْ عَذَابٍ أَلِيمٍ ۝

Innalladziina kafaruu wa yashudduuna 'an sabiilillaahi wal masjidil haraamil ladzii ja'alnaahu linnaasi sawaa-a(ni)l'aakifu fiihi wal baad, wamay yurid fiihi bi-ilhaadin bizhulmin nudziqhu min 'adzaabin aliim.

Manasik Haji.

26. Lan elinga, nalika Ingsun andadekake Tanah Suci papane Baitullah kanggo Ibrahim, dhawuh Ingsun: "Sira aja nyakutokake sawiji-wiji marang Ingsun lan sira ngresikana dalem Ingsun kanggo wong-wong kang tawaf; lan kang padha shalat, padha ruku' sarta padha sujud.

٢٦ - وَإِذْ بَوَّأْنَا لِإِبْرَاهِيمَ مَكَانَ الْبَيْتِ أَن لَّا تُشْرِكْ بِي شَيْئًا وَطَهِّرْ بَيْتِيَ لِلطَّائِفِينَ وَالْقَائِمِينَ وَالرُّكَّعِ السُّجُودِ ۝

Wa-idz bawwa'naa li-ibraahiima makaanal baiti allaa tusyrik bii syai-aw wa thahhir baitiya lith-thaa-ifiina wal qaaimiina war-rukka'is sujuud.

27. Lan sira undhang-undhangna marang para manungsa! supaya nindakake ibadah Haji, yekti ing mengko bakal padha teka marang sira kalawan lumaku, lan nenunggang unta kuru,[660] dheweke padha teka saka ngendi-endi Negara kang adoh parane (dalane).

٢٧ - وَأَذِّن فِي النَّاسِ بِالْحَجِّ يَأْتُوكَ رِجَالًا وَعَلَىٰ كُلِّ ضَامِرٍ يَأْتِينَ مِن كُلِّ فَجٍّ عَمِيقٍ ۝

Wa adzdzin finnaasi bil hajji ya'tuuka rijaalaw wa 'alaa kulli dhaamiriy ya'tiina min kulli fajjin 'amiiq.

660). Tetiyang zaman samanten sami tindak Haji nitih unta ngantos kera-kera, jalaran lumampah ing Seganten Wedhi sarana untan-untan Kafilah, ingkang sarwa rekaos sarta kathah resikonipun ingkang nguwatosaken. Ing zaman para Khulafarrdasyidin, jama'ah Haji ingkang tebih-tebih saking Afrika, Cina, Bukhares, lan India umumipun saking Negarinipun sami nitih unta. Zaman modern sapunika bangsa Indonesia lan sanes-sanes bangsa sampun sami nitih kapal nggegana jet, helikopter, lan sanes-sanesipun.

28. Supaya dheweke padha nyekseni marang pirang-pirang kamanfa'atan tumrap wong-wong mau, lan supaya padha nyebut asmane Allah ana ing dina-dina kang wus katamtokake dina-dina Qurban,[661] apa kang wus kaparingake dening PanjenengaNe marang wong-wong mau, yaiku kewan asikil-papat, mangka sira padha mangana saka daging-Qurban mau, lan aweha pangan marang wong-wong kang kasusahan tur fakir.

٢٨- لِّيَشْهَدُوا مَنَافِعَ لَهُمْ وَيَذْكُرُوا اسْمَ اللَّهِ فِي
أَيَّامٍ مَّعْلُومَاتٍ عَلَىٰ مَا رَزَقَهُم مِّن بَهِيمَةِ الْأَنْعَامِ
فَكُلُوا مِنْهَا وَأَطْعِمُوا الْبَائِسَ الْفَقِيرَ ۝

Liyasyhaduu manaafi'a lahum wayadzkurusmallaahi fii ayyaamim ma'luumaatin 'alaa maa razaqnaahum mim bahiimatil an'aami fakuluu minhaa wa ath'imul baa-isil faqiir.

29. Sawuse padha nindakake nyembelih Qurban, banjur padha ngilangana lan ngresiki rereged, cukur lan ngethok kuku, lan supaya padha nuhoni nadzar-nadzare, lan supaya padha tawaf ana ing nDalem kang kuna yaiku Baitullah.

٢٩- ثُمَّ لْيَقْضُوا تَفَثَهُمْ وَلْيُوفُوا نُذُورَهُمْ وَلْيَطَّوَّفُوا
بِالْبَيْتِ الْعَتِيقِ ۝

Tsummal yaqdhuu tafatsahum wal yuufuu nudzuurahum wal yaththawwafuu bil baitil 'atiiq.

30. Kang wus kasebut mau kabeh, Manasik Haji mau supaya digatekake. Lan sing sapa angegungake angger-anggering Allah iku luwih becik mungguhing PangeraNe. Lan sarupaning raja-kaya dihalalake marang sira kabeh, kajaba kang wus diterangake harame marang sira. Mula padha singkirana brahala kang jember, lan padha singkirana celathu goroh.

٣٠- ذَٰلِكَ وَمَن يُعَظِّمْ حُرُمَاتِ اللَّهِ فَهُوَ خَيْرٌ لَّهُ عِندَ
رَبِّهِ ۗ وَأُحِلَّتْ لَكُمُ الْأَنْعَامُ إِلَّا مَا يُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ
فَاجْتَنِبُوا الرِّجْسَ مِنَ الْأَوْثَانِ وَاجْتَنِبُوا قَوْلَ
الزُّورِ ۝

Dzaalika wamay yu'azhzhim hurumaatil laahi fahuwa khairul lahuu 'inda rabbih, wa uhillat lakumul an'aamu illaa maa yutlaa 'alaikum fajtanibur rijsa minal autsaani wajtanibuu qaulazzuur.

31. Sarana padha pasrah ikhlas marang Allah tur ora padha musyrikake PanjenengaNe. Dene sapa kang musyrikake Allah, mesthi sangsara kaya dene wong kang kajungkel saka Langit, banjur disamber manuk utawa tiniyup barat gedhe, tinibakake ana ing panggonan kang adoh banget.

٣١- حُنَفَاءَ لِلَّهِ غَيْرَ مُشْرِكِينَ بِهِ ۚ وَمَن يُشْرِكْ
بِاللَّهِ فَكَأَنَّمَا خَرَّ مِنَ السَّمَاءِ فَتَخْطَفُهُ الطَّيْرُ
أَوْ تَهْوِي بِهِ الرِّيحُ فِي مَكَانٍ سَحِيقٍ ۝

Hunafaa-a lillaahi ghaira musyrikiina bihii wamay yusyrik billaahi faka-annamaa kharra minas-samaa-i fatakhthafuhuth thairu au tahwii bihir riihu fii makaanin sahiiq.

661). Tanggal 10, 11, 12, lan 13 wulan Dzulhijjah.

32. Iya kaya mangkono iku dhawuhing Allah! Dene sapa kang ngegungake syi'ar-syi'aring Allah sarana ngaturake Qurban utawa Hidyah, sanyata mangkono iku, kalebu ewone wedining ati ing Allah.

٣٢- ذٰلِكَ وَمَنْ يُّعَظِّمْ شَعَآئِرَ اللّٰهِ فَاِنَّهَا مِنْ تَقْوَى الْقُلُوْبِ ۝

Dzaalika wamay yu'azhzhim sya'aa-irallaahi fa-innahaa min taqwal quluub.

33. Ana ing raja-kaya kang arep tok Qurbanake utawa tok Hidyahake mau, tumrap sira oleh pirang-pirang piguna[662] tumeka mangsa kang wus ditamtokake, banjur papaning nyembelih Hidyah mau ana ing Padaleman kang kuno yaiku Bumi haram.

٣٣- لَكُمْ فِيْهَا مَنَافِعُ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ثُمَّ مَحِلُّهَآ اِلَى الْبَيْتِ الْعَتِيْقِ ۝

Lakum fiihaa manaafi'u ilaa ajalim musamman tsumma mahilluhaa ilal baitil 'atiiq.

34. Lan marang sakabehing umat, Ingsun wus ndhawuhake 'Ibadah Qurban, supaya padha nyebuta asmaning Allah kanthi Takbir minangka ngaturake syukur tumrap raja-kaya sikil-papat kang wus diparingake marang dheweke. Dene pepundhenira, iku mung pepundhen kang Sawiji; mulane padha sumaraha marang PanjenengaNe Allah piyambak. Muhammad! Bebungahen wong kang padha mbangun turut ing Allah.

٣٤- وَلِكُلِّ اُمَّةٍ جَعَلْنَا مَنْسَكًا لِّيَذْكُرُوا اسْمَ اللّٰهِ عَلٰى مَا رَزَقَهُمْ مِّنْ بَهِيْمَةِ الْاَنْعَامِ فَاِلٰهُكُمْ اِلٰهٌ وَّاحِدٌ فَلَهٗٓ اَسْلِمُوْا وَبَشِّرِ الْمُخْبِتِيْنَ ۝

Wa likulli ummatin ja'alnaa mansakal liyadzkurus mallaahi 'alaa maa razaqahum mim bahiimatil an'aam, fa-ilaahukum ilaahuw waahidun falahuu aslimuu, wa basysyiril mukhbitiin.

35. Yaiku manawa asmaning Allah disebut, wong mau atine padha trenyuh dheg-dhegan, lan padha sabar (kuwat) nampa cobaning Allah kang ngenani dheweke; lan padha ngedekake Shalat, apa dene padha gelem andanakake sawenehe barang kang wus Ingsun paringake ing dheweke.

٣٥- الَّذِيْنَ اِذَا ذُكِرَ اللّٰهُ وَجِلَتْ قُلُوْبُهُمْ وَالصّٰبِرِيْنَ عَلٰى مَآ اَصَابَهُمْ وَالْمُقِيْمِى الصَّلٰوةِ وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ۝

Alladziina idzaa dzukirallaahu wajilat quluubuhum wash-shaabiriina 'alaa maa ashaabahum wal muqiimish shalaati wa mimmaa razaqnaahum yunfiquun.

36. Lan unta, wus Ingsun dadèkake tumrap sira, kalebu dadi syi'ar-syi'are Allah, ana ing unta mau sira padha bisa oleh faidah kabecikan. Mulane sira padha nyebuta asmaning Allah nalika nyembelih unta mau, ngadeg didhengklekake. Dene manawa wus jrebabah ambruk lambunge, banjur padha panganen daginge lan padha wenehna ma-

٣٦- وَالْبُدْنَ جَعَلْنٰهَا لَكُمْ مِّنْ شَعَآئِرِ اللّٰهِ لَكُمْ فِيْهَا خَيْرٌ فَاذْكُرُوا اسْمَ اللّٰهِ عَلَيْهَا صَوَآفَّ فَاِذَا وَجَبَتْ جُنُوْبُهَا فَكُلُوْا مِنْهَا وَاَطْعِمُوا الْقَانِعَ وَالْمُعْتَرَّ كَذٰلِكَ سَخَّرْنٰهَا لَكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝

662). **Kewan Hadyu utawi Qurban,** saderengipun dipun qurbanaken, kenging kapendhet powanipun lan manfa'at sanesipun!

rang wong kang narima ing pandum lan kang njaluk. Kaya mangkono Ingsun nguwasakake unta mau marang sira, supaya sira padha syukur ing Allah.

Walbudna ja'alnaahaa lakum min sya-'aa-irillaahi lakum fiihaa khaiir, fadz-kurusmallaahi 'alaihaa shawaaff, fa-idzaa wajabat junuubuhaa fakuluu minhaa wa ath'imul qaani'a wal mu'tarr, kadzaalika sakhkharnaahaa lakum la'allakum tasy-kuruun.

37. Ora bakal katampa ing Allah daginge lan getihe Qurban utawa Hidyah mau, ananging kang bakal katampa ing Panjenenga-Ne, wedinira kabeh. Kaya mangkono anggone wus nguwasakake unta mau marang sira, supaya sira padha ngegungna Allah, marga anggone wus paring pituduh marang sira kabeh. Muhammad! lan bebungahen wong kang padha gelem agawe becik.

٣٧- لَنْ يَّنَالَ اللّٰهَ لُحُوْمُهَا وَلَا دِمَآؤُهَا وَلٰكِنْ يَّنَالُهُ التَّقْوٰى مِنْكُمْ ۭ كَذٰلِكَ سَخَّرَهَا لَكُمْ لِتُكَبِّرُوا اللّٰهَ عَلٰي مَا هَدٰىكُمْ ۭ وَبَشِّرِ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

Lay yanaalallaaha luhuumuhaa walaa dimaa-uhaa walaakiy yanaaluhut taqwaa minkum, kadzaalika sakhkharahaa lakum litukabbirullaaha 'alaa maa hadaakum, wa basysyiril muhsiniin.

Allah paring idzin perang kanggo ambelani Agami utawi defensif aktif.

38. Satemene Allah iku ambelani kapentingane wong-wong Mu'min. Sanyata Allah iku ora rena marang wong-wong kang cidra lan kufur.

٣٨- اِنَّ اللّٰهَ يُدٰفِعُ عَنِ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۭ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ خَوَّانٍ كَفُوْرٍ ۝

Innallaaha yudaafi'u 'anil ladziina aamanuu, innallaaha laa yuhibbu kulla khaw-waanin kafuur.

39. Wong-wong kang iman wus diparengake dening Allah merangi kaum musyrik, sabab dheweke wus padha dikaniaya, lan satemene Allah iku Kuwasa paring pitulung marang wong-wong kang padha iman.

٣٩- اُذِنَ لِلَّذِيْنَ يُقٰتَلُوْنَ بِاَنَّهُمْ ظُلِمُوْا ۭ وَاِنَّ اللّٰهَ عَلٰي نَصْرِهِمْ لَقَدِيْرُۨ ۝

Udzina lilladziina yuqaataluuna bi-annahum zhulimuu, wa innallaaha 'alaa nashrihim laqadiir.

40. Yaiku wong-wong kang wus padha ditundhung saka omahe ora kalawan bener, kajaba mung jalaran padha ngucap: "Pangeranku iku Allah". Lan saupama ora ana pangayomaning Allah marang manungsa, sawenehe nulak sawenehe, yekti dirubuhake sanggar-sanggar (klentheng-klentheng), grejagreja, pamujan-pamujan, lan mesjid-mesjid kang asmane Allah kerep disebut ana ing kono. Lan yekti Allah bakal paring pitulung marang wong-wong kang labuh ing Agama-Ne, satemene Allah iku Maha Santosa tur Maha Gagah-Prakosa.

٤٠- اِلَّذِيْنَ اُخْرِجُوْا مِنْ دِيَارِهِمْ بِغَيْرِ حَقٍّ اِلَّآ اَنْ يَّقُوْلُوْا رَبُّنَا اللّٰهُ ۭ وَلَوْلَا دَفْعُ اللّٰهِ النَّاسَ بَعْضَهُمْ بِبَعْضٍ لَّهُدِّمَتْ صَوَامِعُ وَبِيَعٌ وَّصَلَوٰتٌ وَّمَسٰجِدُ يُذْكَرُ فِيْهَا اسْمُ اللّٰهِ كَثِيْرًا ۭ وَلَيَنْصُرَنَّ اللّٰهُ مَنْ يَّنْصُرُهٗ ۭ اِنَّ اللّٰهَ لَقَوِيٌّ عَزِيْزٌ ۝

Alladziina ukhrijuu min diyaarihim bighairi haqqin illaa ay yaquuluu rabbunal laah, walau laa daf'ullaahin naasa ba'dhahum biba'dhil lahudz'imat shawaami'u wa biya'uw wa shalawaatuw wa masaajidu yudzkaru fiihasmullaahi katsiiraa, wa layanshurannallaahu way yanshuruh, innallaaha laqawiyyun 'aziiz.

41. Yaiku wong-wong kang manawa padha Ingsun paringi panguwasa ana ing Bumi oleh kamardikan, padha ngedekake Shalat lan padha bayar Zakat, sarta padha amrentahake laku becik lan padha nglarangi laku ala. Dene Allah kang kagungan (ngasta) wusananing kabeh prakara.663)

٤١- اَلَّذِيْنَ اِنْ مَّكَّنّٰهُمْ فِى الْاَرْضِ اَقَامُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتَوُا الزَّكٰوةَ وَاَمَرُوْا بِالْمَعْرُوْفِ وَنَهَوْا عَنِ الْمُنْكَرِ ۗ وَلِلّٰهِ عَاقِبَةُ الْاُمُوْرِ ۝

Alladziina im makkannaahum fil ardhi aqaamush shalaata wa aatawuz zakaata wa amaruu bil ma'ruufi wa nahau 'anil munkar, wa lillaahi 'aaqibatul umuur.

42. Manawa wong-wong musyrik iku anggorohake sira Muhammad, aja susah, jalaran satemene biyen mula sadurunge wong-wong iku, uga wus padha anggorohake, kaume Nuh, Kaum 'Ad lan kaum Tsamud.

٤٢- وَاِنْ يُّكَذِّبُوْكَ فَقَدْ كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوْحٍ وَّعَادٌ وَّثَمُوْدُ ۝

Wa-iy yukadzdzibuuka faqad kadzdzabat qablahum qaumu nuuhiw wa 'aaduw wa tsamuud.

43. Lan kaume Ibrahim, lan kaume Lutli.

٤٣- وَقَوْمُ اِبْرٰهِيْمَ وَقَوْمُ لُوْطٍ ۝

Wa qaumu ibraahiima wa qaumu luuth.

---

663). Gegandhenganipun kalayan ayat-ayat sasampunipun, ayat punika dumunung anerangaken sarta memuji sesifatanipun tetiyang purun damel sae ing ngasanes! Inggih punika manawi piyambakipun pinaringan kamulyan utawi kajembaran, boten ngedak-edakaken lan boten sumakeyan, ananging kapara malah kathah anggenipun muji syukur ing Allah Pangeranipun, sarta mindhak sae watak lan kalakuwanipun. Shalatipun tambah khusy' lan sregep barjama'ah ing Mesjid utawi Musholla ing wekdalipun (disiplin). Zakat lan Sedhekahipun saya kathah, Shiyamipun sangsaya guntur, Hajjinipun dados Hajji-Mabrur, tambah nemen 'Ibadahipun lan loma dananipun, sarta telatos amar ma'ruf nahi mungkar dhateng kanca tangga tepalih sarta tunggal Bangsa! Punapa malih tambah ageng tawakkal (sumarah-kumandelipun) dhumateng Allah Gustinipun.

Ing zaman samanten, ayat punika ingkang dipun semoni para Sekabatipun Kanjeng Nabi s.a.w. ing nalika dipun lilani mangsah perang, sarta badhe kaparingan menang! Dados, ayat punika kajawi ngewrat piwucal kados kasebat ing nginggil, tumrap satunggal-satunggalipun tiyang, ugi mengku tuntunan tumrapipun Ummat Islam, inggih punika manawi angsal kamulyan utawi kamenangan, saged ngasta Negari lan Nenata praja, sampun ngantos kasupen dhumateng Allah ingkang Maha Mulya, lajeng namung suka-suka seneng-seneng nguja hawa nafsu. Lan sampun ngantos ngedir-rediraken ambeg siya, nandukaken budi murka tuwin nganiaya, adigang adigung adiguna! Balik kedah nungkul sarta sujud ing Allah Subhaanahu wata'aala, sarta nandukaken budi mulya lan tindak utama, ngencengaken adegipun Shalat, lan medalipun Zakat, sarta nyantosakaken lampahipun amat-ma'ruf nahi munkar wonten ing bebrayaning Ummat. Dados manawi kacekak, adegipun praja Islam punika ingkang perlu piyambak, kedah anjagi saha marsudi tumindakipun angger sarta prentah-prentanipun Agami. Awit inggih sarana tumindak ingkang makaten punika, ing mangke adegipun praja Pamarentahan Pancasila badhe saged kiyat lan santosa, jalaran saged anggadhahi hak wajib dipun turut dening Ummat Agami sarana setya-tuhu! Ing wusana sumangga para Pemimpin, para Sarjana, lan para Generasi Mudha dipun ukur sarana Ilmiyah Amaliyah, sarta Amaliyah Ilmiyah!

44. Lan wong Negara Madyan kaume Syu'aib, lan Musa uga wus dipaido, Ingsun sarantekake marang wong - wong kafir, (bareng wus tekan mangsane), Ingsun banjur matrapi siksa marang wong-wong mau, mara sira Muhammad, ardelenga kapriye mungguh kahanane bebendonIngsun.

٤٤ - وَّاَصْحٰبُ مَدْيَنَ ۚ وَكُذِّبَ مُوْسٰى فَاَمْلَيْتُ لِلْكٰفِرِيْنَ ثُمَّ اَخَذْتُهُمْ ۚ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيْرِ ۝

Wa ash-haabu madyana wa kudzdziba muusaa fa-amlaitu lilkaafiriina tsumma akhadztuhum, fakaifa kaana nakiir.

45. Wus pirang-pirang Negara kang Ingsun rusak nalikane ahline padha nganiaya, lan reruntuhane ngebruki payon-payone, lan pirang-pirang sumur (telaga) lan gedhong kang dhuwur-dhuwur kang wus padha ditinggalake.

٤٥ - فَكَاَيِّنْ مِّنْ قَرْيَةٍ اَهْلَكْنٰهَا وَهِيَ ظَالِمَةٌ فَهِيَ خَاوِيَةٌ عَلٰى عُرُوْشِهَا وَبِئْرٍ مُّعَطَّلَةٍ وَّقَصْرٍ مَّشِيْدٍ ۝

Faka-ayyim min qaryatin ahlaknaahaa wahiya zhaalimatun fahiya khaawiyatun 'alaa 'uruusyihaa wa bi'rim mu'aththalatiw wa qashrim masyiid.

46. Apa wong-wong iku ora padha lumaku ana ing Bumi, kang banjur atine kanggo mikir-mikir, sarta kuping-kupinge kanggo ngrungok-ngrungokake. Satemene dudu mripat-mripat kang wuta, nanging kang wuta iku ati kang ana sajeroning dhadha.

٤٦ - اَفَلَمْ يَسِيْرُوْا فِى الْاَرْضِ فَتَكُوْنَ لَهُمْ قُلُوْبٌ يَّعْقِلُوْنَ بِهَآ اَوْ اٰذَانٌ يَّسْمَعُوْنَ بِهَا ۚ فَاِنَّهَا لَا تَعْمَى الْاَبْصَارُ وَلٰكِنْ تَعْمَى الْقُلُوْبُ الَّتِىْ فِى الصُّدُوْرِ ۝

Afalam yasiiruu fil ardhi fatakuuna lahum quluubuy ya'qiluuna bihaa au aadzaanuy yasma'uuna bihaa fa-innahaa laa ta'mal abshaaru walaakin ta'mal quluubul latii fishshuduur.

47. Lan wong-wong mau padha nyuwun marang sira Muhammad supaya enggal dituruni siksa, ing mangka Allah iku ora bakal nyulayani janjiNe, lan satemene sadina kang wus kajanjekake kanggo nyiksa ana ing ngarsaNe Pangeranira iku dirasakake dening wong-wong mau kaya sewu tahun kang padha sira etung.

٤٧ - وَيَسْتَعْجِلُوْنَكَ بِالْعَذَابِ وَلَنْ يُّخْلِفَ اللّٰهُ وَعْدَهٗ ۚ وَاِنَّ يَوْمًا عِنْدَ رَبِّكَ كَاَلْفِ سَنَةٍ مِّمَّا تَعُدُّوْنَ ۝

Wa yasta'jiluunaka bil 'adzaabi walay yukhlifallaahu wa'dah, wa inna yauman 'inda rabbika ka-alfi sanatim mimmaa ta'udduun.

48. Lan wus pirang-pirang Negara kang Ingsun sarantekake anggone kapatrapan siksa, ing mangka ahline (wargane) padha dhalim, bareng wus tekan mangsane Ingsun nuli matrapi siksa, lan mung marang Ingsun piyambak panggonan bali.

٤٨ - وَكَاَيِّنْ مِّنْ قَرْيَةٍ اَمْلَيْتُ لَهَا وَهِيَ ظَالِمَةٌ ثُمَّ اَخَذْتُهَا ۚ وَاِلَىَّ الْمَصِيْرُ ۝

Waka-ayyim min qaryatin amlaitu lahaa wahiya zhaalimatun tsumma akhadztuhaa, wa ilayyal mashiir.

Jejer lan tugas pokok Rasul iku dadi juru pepeling!

49. Dhawuha sira Muhammad!: "He para manungsa, satemene aku iki marang sira mung dadi juru pepeling kang nyata, (kalawan anggunakake basa kang sira ngerteni)".

٤٩ - قُلْ يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اِنَّمَآ اَنَا لَكُمْ نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ۚ ٥

Qul yaa ayyuhan naasu innamaa ana lakum nadziirum mubiin.

50. Mangka wong-wong kang iman sarta nindakake laku becik, dheweke bakal oleh pangapura lan rezeki kang mulya, yaiku Suwarga.

٥٠ - فَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَهُمْ مَّغْفِرَةٌ وَّرِزْقٌ كَرِيْمٌ ٥

Falladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lahum maghfiratuw wa rizqun kariim.

51. Lan wong-wong kang sumeja ambatalake Ayat-ayat Ingsun sarta padha duwe pangira bisa ngapesake wong-wong Mu'min, wong-wong mau bakal dadi ahli Neraka Jahanam.

٥١ - وَالَّذِيْنَ سَعَوْ فِيْٓ اٰيٰتِنَا مُعٰجِزِيْنَ اُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ الْجَحِيْمِ ٥

Walladziina sa'au fii aayaatinaa mu'aajiziina ulaa-ika ash-haabul jahiim.

52. Lan Ingsun lagi macakake Ayat-ayate Allah, ora ngutus sadurungira Muhammad sawijining Rasul lan Nabi, saliyane saben-saben dheweke, syetan nuli nimbrung (gawe mamang lan waswas marang ati lan pikirane para kang padha ngrungokake), Allah nuli enggal-enggal ambatalake kang ditibakake dening syetan iku, lan netepake Ayat-ayate, lan Allah iku Maha Nguningani tur Maha Wicaksana.

٥٢ - وَمَآ اَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ مِنْ رَّسُوْلٍ وَّلَا نَبِيٍّ اِلَّآ اِذَا تَمَنّٰٓى اَلْقَى الشَّيْطٰنُ فِيْٓ اُمْنِيَّتِهٖ فَيَنْسَخُ اللّٰهُ مَا يُلْقِى الشَّيْطٰنُ ثُمَّ يُحْكِمُ اللّٰهُ اٰيٰتِهٖ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۙ

Wamaa arsalnaa min qablika mir rasuuliw walaa nabiyyin illaa idzaa tamannaa alqasy syaithaanu fii umniyyatihii fayansakhul laahu maa yulqasy syaithaanu tsumma yuhkimullaahu aayaatih, wallaahu 'aliimun hakiim.

53. Karsaning Allah andadekake barang kang ditimbrungake dening syetan iku dadi coba tumrap wong kang atine ana lelarane, lan atos atine. Lan satemene wong-wong kang nganiaya iku ana ing pasulayan kang adoh.

٥٣ - لِّيَجْعَلَ مَا يُلْقِى الشَّيْطٰنُ فِتْنَةً لِّلَّذِيْنَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ وَّالْقَاسِيَةِ قُلُوْبُهُمْ ۗ وَاِنَّ الظّٰلِمِيْنَ لَفِيْ شِقَاقٍۢ بَعِيْدٍ ۙ ٥

Liyaj'ala maa yulqisy syaithaanu fitnatal lilladziina fii quluubihim maradhuw wal qaasiyaati quluubuhum, wa innazh zhaalimiina lafii syiqaaqim ba'iid.

٥٤- وَلِيَعْلَمَ الَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ أَنَّهُ الْحَقُّ مِن رَّبِّكَ فَيُؤْمِنُوا بِهِ فَتُخْبِتَ لَهُ قُلُوبُهُمْ ۗ وَإِنَّ اللَّهَ لَهَادِ الَّذِينَ آمَنُوا إِلَىٰ صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ۝

54. Lan wong-wong kang wus diparingi ilmu supaya padha sumurup, manawa satemene kang wus ditetepake saka Ayat-ayate Al Quraan iku bener saka Pangeranira, nuli padhá iman, dadi atine wong-wong mau tetep mantep imane Lan sanyata Allah iku yekti paring pituduh marang wong-wong kang padha iman ing dalan kang bener.

Wa liya'lamal ladziina uutul 'ilma annahul haqqu mir rabbika fayu'minuu bihii fatukhbita lahuu quluubuhum, wa innallaaha lahaadil ladziina aamanuu ilaa shiraatim mustaqiim.

٥٥- وَلَا يَزَالُ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي مِرْيَةٍ مِّنْهُ حَتَّىٰ تَأْتِيَهُمُ السَّاعَةُ بَغْتَةً أَوْ يَأْتِيَهُمْ عَذَابُ يَوْمٍ عَقِيمٍ ۝

55. Lan wong-wong kafir iku tansah ana ing kamamangan saka Agama kang bener (Al Quraan), sahingga wong-wong mau katekanan pati kalawan ndadak, utawa nekani marang wong-wong mau siksane dina kang naas (pertempuran).

Walaa yazaalul ladziina kafaruu fii miryatim minhu hattaa ta'tiyahumus saa'atu baghtatan au ya'tiyahum 'adzaabu yaumin 'aqiim.

٥٦- الْمُلْكُ يَوْمَئِذٍ لِّلَّهِ ۖ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ ۚ فَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فِي جَنَّاتِ النَّعِيمِ ۝

56. Ing dina iku Panguwasa hamung ana astaning Allah piyambak, Panjenengane mutusi antarane wong-wong mau, yaiku wong-wong kang iman lan nindakake laku becik, tetep ana ing Suwarga papane kani'matan.

Almulku yauma-idzil lillaah, yahkumu bainahum, falladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati fii jannaatin na'iim.

٥٧- وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا فَأُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مُّهِينٌ ۝ ١٤

57. Dene wong-wong kang kafir, sarta anggorohake Ayat-ayatIngsun, mangka wong-wong mau kapatrapan siksa kang ina.

Walladziina kafaruu wa kadzdzabuu biaayaatinaa fa-ulaa-ika lahum 'adzaabum muhiin.

Ganjaran Suwarga tumrap Pahlawan (seda) hijrah ing dalaning Allah.

٥٨- وَالَّذِينَ هَاجَرُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ ثُمَّ قُتِلُوا أَوْ مَاتُوا لَيَرْزُقَنَّهُمُ اللَّهُ رِزْقًا حَسَنًا ۚ وَإِنَّ اللَّهَ لَهُوَ خَيْرُ الرَّازِقِينَ ۝

58. Lan wong-wong kang hijrah (pindhah) perlu nglabuhi Agamaning Allah, nuli dipateni utawa tumekaning pati, yekti Allah bakal paring rezeki marang wong-wong mau kalawan rezeki kang becik ing Suwarga, lan satemene Allah iku sabecik-becike kang paring rezeki.

Wa'lladziina haajaruu fii sabiilillaahi tsumma qutiluu au maatuu layarzuqannahumul laahu rizqan hasanaa, wa innallaaha lahuwa khairur raaziqiin.

59. Lan sanyata PanjenengaNe bakal nglebokake wong-wong mau ana ing panggonan kang nyenengake, lan satemene Allah iku Maha Nguningani tur Maha Aris.

٥٩- لَيُدْخِلَنَّهُمْ مُّدْخَلًا يَّرْضَوْنَهُ ۗ وَاِنَّ اللّٰهَ لَعَلِيْمٌ حَلِيْمٌ ۝

Layudkhilannahum mudkhalay yardhaunahuu wa innallaaha la'aliimun haliim.

60. Hiya kang kaya mangkono mau (kang wus Ingsun caritakake), lan sing sapa males kalawan piwales kang dikenakake marang dheweke, banjur dianiaya, temen Allah bakal paring pitulung marang kang dianiaya, yekti Allah iku Maha Ngapura tur Maha Ngaksama.

٦٠- ذٰلِكَ ۚ وَمَنْ عَاقَبَ بِمِثْلِ مَا عُوْقِبَ بِهٖ ثُمَّ بُغِيَ عَلَيْهِ لَيَنْصُرَنَّهُ اللّٰهُ ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَعَفُوٌّ غَفُوْرٌ ۝

Dzaalika waman 'aaqaba bimitsli maa 'uuqiba bihii tsumma bughiya 'alaihi layanshurannahullaah, innallaaha la'afuw wun ghafuur.

61. Kang mangkono mau pitulunganing Allah, jalaran satemene Allah iku kuwasa nglebokake wengi marang rina, lan nglebokake rina marang wengi. Lan satemene Allah iku Maha Miarsa tur Maha Priksa.

٦١- ذٰلِكَ بِاَنَّ اللّٰهَ يُوْلِجُ الَّيْلَ فِى النَّهَارِ وَيُوْلِجُ النَّهَارَ فِى الَّيْلِ وَاَنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌۢ بَصِيْرٌ ۝

Dzaalika bi-annallaaha yuulijul laila finnahaari wa yuulijun nahaara fil laili wa annallaaha samii'um bashiir.

62. Kang mangkono mau kakuwasaNing Allah, jalaran satemene Allah iku haq, lan sanyata kang disembah saliyane Allah iku batal. Lan sanyata Allah iku Pangeran kang Maha Luhur tur Maha Agung.

٦٢- ذٰلِكَ بِاَنَّ اللّٰهَ هُوَ الْحَقُّ وَاَنَّ مَا يَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِهٖ هُوَ الْبَاطِلُ ۙ وَاَنَّ اللّٰهَ هُوَ الْعَلِيُّ الْكَبِيْرُ ۝

Dzaalika bi-annallaaha huwal haqqu wa anna maa yad'uuna min duunihii huwal baathilu wa annallaaha huwal 'aliyyul kabiir.

Ni'mat peparinging Allah tumrap sakabehing manungsa.

63. Apa sira durung mangerti, yen satemene Allah wus nurunake banyu saka Langit, banjur Bumi iku dadi ijo royo-royo? Sanyata Allah iku Pangeran kang Maha Alus tur Waspada.

٦٣- اَلَمْ تَرَ اَنَّ اللّٰهَ اَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً فَتُصْبِحُ الْاَرْضُ مُخْضَرَّةً ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَطِيْفٌ خَبِيْرٌ ۝

Alam tara annallaaha anzala minas samaa-i maa-an fatushbihul ardhu mukhdharrah, innallaaha lathiifun khabiir.

64. Kabeh kang ana ing Langit-langit lan Bumi iku kagungane Allah piyambak, lan sanyata Allah iku Pangeran kang Maha Sugih tur Maha Pinuji.

٦٤- لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ۗ وَاِنَّ اللّٰهَ لَهُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيْدُ ۝ ع ١٥

Lahuu maa fissamaawaati wamaa fil ardh, wa innallaaha lahuwal ghaniyyul hamiid.

65. Apa sira durung sumurup manawa satemene Allah wus nguwasakake barang kang ana ing Bumi iku kanggo sira kabeh, lan PanjenengaNe uga wus nguwasakake prahu kang lelayaran ana ing Samudera kalawan dhawuhe? Lan PanjenengaNe nahan Langit supaya ora runtuh ana ing Bumi, kajaba kalawan Idzine. Satemene Allah iku Maha Welas tur Maha Asih marang manungsa.

٦٥- اَلَمْ تَرَ اَنَّ اللّٰهَ سَخَّرَ لَكُمْ مَّا فِى الْاَرْضِ وَالْفُلْكَ تَجْرِىْ فِى الْبَحْرِ بِاَمْرِهٖ ؕ وَيُمْسِكُ السَّمَآءَ اَنْ تَقَعَ عَلَى الْاَرْضِ اِلَّا بِاِذْنِهٖ ؕ اِنَّ اللّٰهَ بِالنَّاسِ لَرَءُوْفٌ رَّحِيْمٌ ۝

Alam tara annallaaha sakhkhara lakum maa fil ardhi wal fulka tajrii fil bahri bi-amrih, wa yumsikus samaa-a an taqa'a 'alal ardhi illaa bi-idznih, innallaaha binnaasi lara-uufur rahiim.

66. Lan PanjenengaNe kang nguripake sira kabeh, PanjenengaNe banjur mateni sira kabeh, nuli nguripake maneh. Satemene manungsa iku banget anggone ora gelem syukur marang ni'mat peparinging Allah.

٦٦- وَهُوَ الَّذِىْٓ اَحْيَاكُمْ ثُمَّ يُمِيْتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيْكُمْ ؕ اِنَّ الْاِنْسَانَ لَكَفُوْرٌ ۝

Wa huwal ladzii ahyaakum tsumma yumiitukum tsumma yuhyiikum, innal insaana lakafuur.

Saben ummat anduweni pranatan Agama (syare'at) kang tartamtu.

67. Ingsun wus andamel pranatan Agama (syare'at) tumrap saben-saben umat, kang padha ditindakake. Mangka wong-wong ahli Agama aja padha ambantah marang sira Muhammad ana ing perkara nyembeleh kewan, lan sira ngajaka Tauhid marang Pangeranira. Satemene sira iku yekti ana ing pituduh kang bener (jejeg).

٦٧- لِكُلِّ اُمَّةٍ جَعَلْنَا مَنْسَكًا هُمْ نَاسِكُوْهُ فَلَا يُنَازِعُنَّكَ فِى الْاَمْرِ وَادْعُ اِلٰى رَبِّكَ ؕ اِنَّكَ لَعَلٰى هُدًى مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Likulli ummatin ja'alnaa mansakan hum naasikuuhu falaa yunaazi'unnaka fil amri wad'u ilaa rabbik, innaka la'alaa hudam mustaqiim.

68. Lan manawa wong-wong mau ambantah ing sira Muhammad, sira dhawuha: "Allah kang luwih Maha Nguningani ing kabeh kang sira tindakake".

٦٨- وَاِنْ جٰدَلُوْكَ فَقُلِ اللّٰهُ اَعْلَمُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ۝

Wa-in jaadaluuka faqulillaahu a'lamu bimaa ta'lamuun.

69. Allah kang bakal ngukumi antaranira ana ing besuk dina Qiyamat ing prakara kang sira pasulayakake.

٦٩- اَللّٰهُ يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فِيْمَا كُنْتُمْ فِيْهِ تَخْتَلِفُوْنَ ۝

Allaahu yahkumu bainakum yaumal qiyaamati fiimaa kuntum fiihi tahtalifuun.

70. Apa sira dirung sumurup, yen satemene Allah Maha Nguningani kabeh kang ana ing Langit lan Bumi? Satemene kabeh iku sinebut ing Kitab (Lauhil Mahfuzh). Sanyata kang mangkono mau gampang banget mungguhing Allah.

٧٠- اَلَمْ تَعْلَمْ اَنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا فِى السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ ؕ
اِنَّ ذٰلِكَ فِىْ كِتٰبٍ ؕ اِنَّ ذٰلِكَ عَلَى اللّٰهِ يَسِيْرٌ ۝

Alam ta'lam annallaaha ya'lamu maa fissamaa-i wal ardh, inna dzaalika fii kitaab, innadzaalika 'alallaahi yasiir.

Alasane wong kafir nyembah saliyane Allah iku ora maton.

71. Lan dheweke (kafir) padha nyembah sesembahan saliyane Allah, kang ora pisan-pisan tumrap sesembahan iku, Allah nurunake hujah katerangan kang nyata kanggo netepake kabenerane, lan anggone padha nyembah iku tanpa ilmu. Lan tumrap wong-wong kang nganiaya iku ora ana kang tetulung.

٧١- وَيَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهٖ سُلْطٰنًا وَّ
مَا لَيْسَ لَهُمْ بِهٖ عِلْمٌ ؕ وَمَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ نَّصِيْرٍ ۝

Wa ya'buduuna min duunil laahi maa lam yunazzil bihii sulthaanaw wamaa laisa lahum bihii 'ilm, wamaa lizhzhaalimiina min nashiir.

72. Lan manawa Ayat-ayatIngsun kang pratela diwacakake marang wong-wong mau, yekti sira sumurup gethinge katon ana ing raine wong-wong kafir, malah meh bahe wong-wong mau namakake kekerasan marang wong-wong kang macakake Ayat-ayatIngsun marang dheweke. Dhawuha sira Muhammad: "Apa gelem sira tak kabari kang sira anggep luwih ala tinimbang kang sira gethingi iku? Yaiku Neraka kang wus dicawisake dening Allah tumrap wong-wong kang kafir, lan iku ala-alaning panggonan bali.

٧٢- وَاِذَا تُتْلٰى عَلَيْهِمْ اٰيٰتُنَا بَيِّنٰتٍ تَعْرِفُ فِىْ وُجُوْهِ
الَّذِيْنَ كَفَرُوا الْمُنْكَرَ ؕ يَكَادُوْنَ يَسْطُوْنَ بِالَّذِيْنَ
يَتْلُوْنَ عَلَيْهِمْ اٰيٰتِنَا ؕ قُلْ اَفَاُنَبِّئُكُمْ بِشَرٍّ مِّنْ
ذٰلِكُمُ ؕ اَلنَّارُ ؕ وَعَدَهَا اللّٰهُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ؕ وَبِئْسَ
الْمَصِيْرُ ۝ ع ٩ ١٢

Wa idzaa tutlaa 'alaihim aayaatunaa bayyinaatin ta'rifu fii wujuuhil ladziina kafarul munkar, yakaaduuna yasthuuna billadziina yatluuna 'alaihim aayaatinaa, qul afa-unabbi-ukum bisyarrim min dzaalikum, annaar, wa'adallaahul ladziina kafaruu, wa bi'sal mashiir.

73. He, para manungsa! Mara padha ngrungokna sanepa (kahanan) kang arep diterangake: Sanyata barang-barang kang padha sira sesuwuni (pepundhi) saliyaning Allah, ora bakal padha bisa gawe laler siji wae, lan sanadyan padha kekumpulan perlu arep anggawe laler mau. Lan manawa laler mau nithil barang kang ana ing dheweke, dheweke ora padha bisa nylametake (anggondeli) barang mau saka panithile laler. Dadi kang nyenyuwun lan kang disuwuni apes kabeh.

٧٣- يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ ضُرِبَ مَثَلٌ فَاسْتَمِعُوْا لَهٗ ؕ اِنَّ
الَّذِيْنَ تَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ لَنْ يَّخْلُقُوْا ذُبَابًا
وَّلَوِ اجْتَمَعُوْا لَهٗ ؕ وَاِنْ يَّسْلُبْهُمُ الذُّبَابُ شَيْـًٔا
لَّا يَسْتَنْقِذُوْهُ مِنْهُ ؕ ضَعُفَ الطَّالِبُ وَالْمَطْلُوْبُ ۝

Yaa ayyuhan naasu dhuriba matsalun fastami'uu lahuu innal ladziina tad'uuna min duunil laahi lay yakhluquu dzubaababaw walawij tama'uu lahuu wa-iy yaslub-

humudz dzubaabu syai-al laa yastanqi-dzuuhu minhu, dha'ufath thaalibu wal mathluub.

74. Wong musyrik ora ngagungake Allah kanthi sabener-benere. Sanyata Allah mau kang Maha Kuwat Maha Unggul.

٧٤- مَا قَدَرُوا اللّٰهَ حَقَّ قَدْرِهٖ ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَقَوِيٌّ عَزِيْزٌ ۝

Maa qadarullaaha haqqa qadrih, innallaaha laqawiyyun 'aziiz.

75. Allah karsa mijekake pirang - pirang UtusaNe saka Malaikat lan saka Manungsa, satemene Allah iku Maha Miarsa tur Maha Priksa.

٧٥- اَللّٰهُ يَصْطَفِيْ مِنَ الْمَلٰٓئِكَةِ رُسُلًا وَّمِنَ النَّاسِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌۢ بَصِيْرٌ ۝

Allaahu yashthafii minal malaa-ikati rusulaw wa minan naas, innallaaha samii'um bashiir.

76. PanjenengaNe Maha Nguningani kabeh kang ana ing sangarepe wong-wong mau, lan kabeh kang ana ing saburine. Lan mung marang Allah piyambak dibalekake kabeh prakara.

٧٦- يَعْلَمُ مَا بَيْنَ اَيْدِيْهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ ۗ وَاِلَى اللّٰهِ تُرْجَعُ الْاُمُوْرُ ۝

Ya'lamu maa baina aidiihim wamaa khalfahum, wa ilallaahi turja'ul umuur.

77. He, wong-wong kang padha iman! Sira kabeh padha rukuka, padha sujuda, lan padha nyembaha Pangeranira, sira padha nindakna kabecikan, supaya sira padha begja oleh kamenangan.

٧٧- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا ارْكَعُوْا وَاسْجُدُوْا وَاعْبُدُوْا رَبَّكُمْ وَافْعَلُوا الْخَيْرَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ۝ السجدة

Yaa ayyuhal ladziina aamanur ka'uu wasjuduu wa'buduu rabbakum waf'alul khaira la'allakum tuflihuun.

Agama Islam iku dudu Agama kang rupek.

78. Lan sira padha mangsaha-perang (jihad) perlu angrungkebi AgamaNe Allah kalawan temen-temen, PanjenengaNe wus milih sira kabeh (kanggo ngluhurake AgamaNe lan nampa pitulungaNe). Lan PanjenengaNe ora andamel karupekan tumrap sira kabeh ana ing Agama, kaya dene Agamane Ramanira, Ibrahim. PanjenengaNe Allah wus paring jeneng marang sira kabeh "Muslimin" sadurunge diturunake Quraan, lan uga ana ing Quraan iki, supaya Utusan iku dadi saksi tumrap sira kabeh, lan sira dadi saksi tumrap para manungsa. Mangka sira kabeh padha nindakna Shalat, lan aweh Zakat sarta sira padha nyekela kang kukuh ing AgamaNe

٧٨- وَجَاهِدُوْا فِى اللّٰهِ حَقَّ جِهَادِهٖ ۗ هُوَ اجْتَبٰىكُمْ وَمَا جَعَلَ عَلَيْكُمْ فِى الدِّيْنِ مِنْ حَرَجٍ ۗ مِلَّةَ اَبِيْكُمْ اِبْرٰهِيْمَ ۗ هُوَ سَمّٰىكُمُ الْمُسْلِمِيْنَ ۙ مِنْ قَبْلُ وَفِىْ هٰذَا لِيَكُوْنَ الرَّسُوْلُ شَهِيْدًا عَلَيْكُمْ وَتَكُوْنُوْا شُهَدَآءَ عَلَى النَّاسِ ۚ فَاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتُوا الزَّكٰوةَ وَاعْتَصِمُوْا بِاللّٰهِ ۗ هُوَ مَوْلٰىكُمْ ۚ فَنِعْمَ الْمَوْلٰى وَنِعْمَ النَّصِيْرُ ۝

Allah. PanjenengaNe Allah iku Bendaranira, mangka PanjenengaNe iku becik-becike Bendara lan becik-becike kang paring pitulung.

***)

Wa jaahiduu fillaahi haqqa jihaadih, huwaj tabaakum wamaa ja'ala 'alaikum fiddiini min haraj, millata abiikum ibraahiim, huwa sammaakumul muslimiina min qablu wa fii haadzaa liyakuunar rasuulu syahiidan 'alaikum wa takuunuu syuhadaa-a 'alan naas, fa-aqiimush shalaata wa aatuz zakaata wa'tashimuu billaah, huwa maulaakum fani'mal maulaa wa ni'man nashiir.

***). Minangka panutuping katerangan ingkang wigatos inggih punika nyinau-bandhingan (comparative-study of Quran) saking surat Al Hajj sarta surat Al Mu'minun saged katerangaken makaten :

1. Kekalihipun sami-sami anerangaken prakawis mula-buka tumitahipun manungsa, ngrembakanipun paguyuban sarta patembayaning sosial, ekonomi sarta kabudayan, sadaya kawontenan kasebat punika anedahaken bilih sadaya karyaning manungsa ing 'Alam Donya punika badhe dumugi pentokipun dinten Qiyamat ingkang tamtu badhe dhateng!
2. Ing surat Al Hajj tiyang Mu'min dipun wajibaken nindakaken Shalat, Zakat, sarta Amal-amal shaleh, dene wonten ing akhir surat Al Mu'minun kadhawuhan supados estu-estu anggenipun nindakaken, sarta anebihana tumindak zina lan sanes-sanesipun ma'siyat, ingkang supados gesangipun wilujeng ing Donya dumugining Akherat.
3. Ugi kekalihipun sami-sami anyebataken sejarah ummat ing zaman kina, sarta bukti wontenipun Allah sarta sifat Sawijinipun.



AL MU'MINUN (PARA WONG MU'MIN)

Surat kaping 23 : 118 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, 118 ayat.
Tumurun sawuse surat Al Anbiyaa'

JUZ 18

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kamenangan tumrap para wong Mu'min.

1. Sanyata para wong Mu'min bakal begja.

١- قَدْ اَفْلَحَ الْمُؤْمِنُوْنَ ۙ ۝

Qad aflahal mu'minuun.

2. Yaiku wong Mu'min kang padha khusyu' (konjem) ing dalem Shalate.

٢- الَّذِيْنَ هُمْ فِيْ صَلَاتِهِمْ خٰشِعُوْنَ ۙ ۝

Alladziina hum fii shalaatihim khaasyi'uun.

3. Lan kang padha nyingkiri samubarang kang laha (muspra).

٣- وَالَّذِيْنَ هُمْ عَنِ اللَّغْوِ مُعْرِضُوْنَ ۙ ۝

Walladziina hum 'anil laghwi mu'ridhuun.

4. Lan kang padha nindakake (mbayar) Zakat.

٤- وَالَّذِيْنَ هُمْ لِلزَّكٰوةِ فٰعِلُوْنَ ۙ ۝

Walladziina hum lizzakaati faa'iluun.

5. Lan kang padha rumeksa marang farji-farjine (aurate).

٥- وَالَّذِيْنَ هُمْ لِفُرُوْجِهِمْ حٰفِظُوْنَ ۙ

Walladziina hum lifuruujihim haafizhuun.

6. Saliyane marang bojo-bojone utawa wadon kang dadi melike (jariyahe). Temen dheweke ora padha cinacat.

٦- إِلَّا عَلَىٰٓ أَزْوَاجِهِمْ أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ فَإِنَّهُمْ غَيْرُ مَلُومِينَ ۝

Illaa 'alaa azwaajihim aumaa malakat aimaanuhum fa-innahum ghairu ma-luumiin.

7. Dene wong kang ngupaya (nindakake) saliyane bojo lan jariyahe, sanyata dheweke mau wong kang padha nerak ing angger (duraka).

٧- فَمَنِ ابْتَغَىٰ وَرَآءَ ذَٰلِكَ فَأُولَٰٓئِكَ هُمُ الْعَادُونَ ۝

Famanibtaghaa waraa-a dzaalika fa-ulaa-ika humul 'aaduun.

8. Lan kang padha anjaga marang kang dipercayakake (barang titipan) lan sasang-gemane.

٨- وَالَّذِينَ هُمْ لِأَمَٰنَٰتِهِمْ وَعَهْدِهِمْ رَٰعُونَ ۝

Walladziina hum li-amaanaatihim wa 'ahdihim raa'uun.

9. Lan kang padha rumeksa marang Sha-lat-Shalate.

٩- وَالَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَوَٰتِهِمْ يُحَافِظُونَ ۝

Walladziina hum 'alaa shalawaatihim yuhaafizhuun.

10. Wong Mu'min kang mangkono mau, bakal padha dadi waris.

١٠- أُولَٰٓئِكَ هُمُ الْوَٰرِثُونَ ۝

Ulaa-ika humul waaritsuun.

11. Yaiku kang bakal padha tampa waris Suwarga Firdaus, ana ing kono dheweke bakal padha langgeng.664)

١١- الَّذِينَ يَرِثُونَ الْفِرْدَوْسَ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ۝

Alladziina yaritsuunal firdausa hum fii-haa khaaliduun.

---

664). Kados kasebat ing comparative study bilih prakawis mula-buka tumitahing manungsa, pangrembakanipun paguyuban sarta patembayataning sosial, ekonomi sarta kabudayaning manungsa ing Jagat-raya punika sangkan paraning dumadi saking eyang Nabi Adam, ingkang sarana Kodrat-Iradatipun Gusti Allah katitahaken saking saripathining siti, makaten kados kasebat ing ayat No. 12 dumugi No. 14.

Dene ayat No. 1—11 punika anerangaken bilih supados gesangipun para manungsa punika tata lan tentrem, stabil kaamanan sarta dinamis usaha ikhtiaripun ngupados kamakmuran sesarengan, dhawuhing Allah ing ayat punika gamblang cetha wela-wela, inggih punika supados satunggal-satunggalipun tiyang asifat 7 perkawis: 1. Khusyu' Shalatipun, 2. tebih saking barang utawi perkawis ingkang nglaha (muspra-muspra), 3. Mbayar Zakat (ingkang sampun kuwajiban), 4. Rumeksa ing farji (kawiranganipun), 5—6. Anjagi barang ingkang dipun pinitadosaken lan anjagi sasanggemanipun, 7. Gemati ing Shalat-shalatipun, makaten menggahing versi syare'at Islam ambangun masyarakat!

Khusyu' utawi konjem ing dalem Shalatipun ingkang dipun maksud khusyu' wonten ing lahir lan batos, mantheng sarta madheping manah dhumateng Allah ingkang Maha Kuwahos. Dene rumeksa ing Sholat, tegesipun nindakake Shalat wau saleresipun miturut syarat lan rukunipun. Upami: this wonten ing wekdalipun boten ngantos kabrojol, lan solah-bawa sarta waosanipun, tertib lan urut miturut samesthinipun. Shalatipun tiyang punika nuwuhaken simpatik ing ngasanes, sabab bares muna-muninipun, lan inggih bares unggah-ungguhipun Shalat. Inggih punika seni-budaya saking Shalat.

Dados anggenipun Shalat boten kados Shalatipun tiyang munafek, ingkang namung kangge pamer utawi lelamisan (show) kemawon! Shalatipun boten khusyu' lan trap tumindakipun namung egla-egle sagampilipun; mirsanana surat Nisa' ayat: 142, lan surat Maa'un ayat: 4—7.

Dumadining manungsa lan kauripan besuk ing Akherat.

12. Lan sanyata Ingsun wus anitahake Manungsa (Adam) saka saripathining lemah.

١٢- وَلَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ مِنْ سُلٰلَةٍ مِّنْ طِيْنٍ ۚ

Walaqad khalaqnal insaana min sulaa-latim min thiin.

13. Ingsun banjur andadekake turuning Manungsa saka mani ana ing peranakan (rahiming wadon).

١٣- ثُمَّ جَعَلْنٰهُ نُطْفَةً فِيْ قَرَارٍ مَّكِيْنٍ ۖ

Tsumma ja'alnaahu nuthfatan fii qa-raarim makiin.

14. Ingsun nuli andadekake mani iku dadi getih kenthel, getih kenthel iku nuli Ingsun dadekake daging kempel, Ingsun nuli nda-dekake daging kempel iku dadi balung, balung iku banjur Ingsun buntel daging, banjur Ingsun titahake dadi Makhluk liya. Maha Luhur Allah, sabecik-becike kang ni-tahake.

١٤- ثُمَّ خَلَقْنَا النُّطْفَةَ عَلَقَةً فَخَلَقْنَا الْعَلَقَةَ مُضْغَةً فَخَلَقْنَا الْمُضْغَةَ عِظٰمًا فَكَسَوْنَا الْعِظٰمَ لَحْمًا ثُمَّ اَنْشَاْنٰهُ خَلْقًا اٰخَرَ ؕ فَتَبٰرَكَ اللّٰهُ اَحْسَنُ الْخٰلِقِيْنَ ۝

Tsumma khalaqnan nuthfata 'alaqatan fakhalaqnal 'alaqata mudh-ghatan fa-khalaqnal mudh-ghata 'izhaaman faka-saunal 'izhaama lahman tsumma ansya'-naahu khalqan aakhar, fatabaarakal laahu ahsanul khaaliqiin.

15. Nuli sira sawuse mangkono iku yekti bakal padha mati.

١٥- ثُمَّ اِنَّكُمْ بَعْدَ ذٰلِكَ لَمَيِّتُوْنَ ؕ

Tsumma innakum ba'da dzaalika lamay-yituun.

16. Nuli satemene sira bakal padha di-tangekake besuk ana ing dina Qiyamat.*)

١٦- ثُمَّ اِنَّكُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ تُبْعَثُوْنَ ۝

Tsumma innakum yaumal qiyaamati tub'atsuun.

Rumeksa ing kawiranganipun maksudipun anjagi kajaleranipun utawi kaestrenanipun saking tindak haram lan dosa, kadosta zina lan lampah saru utawi ina, kadosta free sex, homo sexual, lan sanes-sanesipun cara modern nanging hakekatipun zina (sedheng).

Jujur tegesipun tindak boten culika, lan tetes janjinipun boten cidra; kadosta janji rapat Parlemen pukul 8.00 inggih persis kirang 10 menit, sadaya anggauta sampun sumadya, antawisipun kirang 2 menit, Ketua lan Sekjen sampun rinakit siyaga kaliyan sadaya Staf-Sekretariat, kirang setengah menit palu-pimpinan sampun dipun cepengi Ketua, persis jam 8.00 (on time), Ketua ambikak rapat: dhok, dhok, dhok! Bismillairrahmaanirrahim, rapat Parlemen kita bikak! Cekakipun kenging kapitados tindak lan wicantenipun!

*). Katerangan ayat 12—16 punika saged kagerba ing antawisipun makaten: bilih awal proses tumitahing manungsa putra-wayah Heyang Nabi Adam, nitik ayat 26, 28, lan 33 surat Al Hijr lan sanes-sanesipun, saged kita pilah-pilah kados ing ngandhap punika: 1. Manungsa katitah-aken sarining endhut (siti teles) utawi "min sulaalatim min thin" punika pribadinipun Adam a.s. punika cocok ayat-ayat surat Al Hijr kasebat. 2. Dene manawi manungsa wau, maksudipun sadaya manungsa, awal prosesipun tumitah saking sarining endhut, sabab daya lan dana saking siti punika nukulaken tetuwuhan, ingkang saking tetuwuhan ngedalaken dzat baku lan gizi kangge adeg lan kalestarian physic (badaniyah) manungsa. 3. Asal dumadining manungsa boten namung wadhag utawi badaniyah thok, ananging inggih saking Roh utawi Sukma (jiwa).

Supaya tetep lestari uriping manungsa Gusti Allah nitahake 'Alam-raya, tetuwuhan lan raja-kaya beranahan (ternak).

17. Lan temen Ingsun wus nitahake ana ing sadhuwurira pitung Langit, lan Ingsun ora supe marang kabeh titah.

١٧- وَلَقَدْ خَلَقْنَا فَوْقَكُمْ سَبْعَ طَرَآئِقَ ۖ وَمَا كُنَّا عَنِ الْخَلْقِ غٰفِلِيْنَ ۝

Walaqad khalaqnaa fauqakum sab'a tharaa-iq, wamaa kunnaa 'anil khalqi ghaafiliin.

18. Lan Ingsun wus nurunake banyu saka Langit kalawan kadar sacukupe (kang murakabi), nuli Ingsun ngenggonake ana ing Bumi kasimpen, lan satemene Ingsun Kuwasa nyirnakake banyu iku.

١٨- وَاَنْزَلْنَا مِنَ السَّمَآءِ مَآءًۢ بِقَدَرٍ فَاَسْكَنّٰهُ فِى الْاَرْضِ ۖ وَاِنَّا عَلٰى ذَهَابٍۢ بِهٖ لَقٰدِرُوْنَ ۝

Wa anzalnaa minas samaa-i maa-am biqadarin fa-askannaahu fil ardh, wa innaa 'alaa dzahaabim bihii laqaadiruun.

19. Ingsun nuli nuwuhake tumrap sira kabeh kalawan banyu iku pirang-pirang kebon kurma lan anggur. Ana ing kono akeh woh-wohan kanggo sira sarta sawenehe ana kang sira pangan.

١٩- فَاَنْشَاْنَا لَكُمْ بِهٖ جَنّٰتٍ مِّنْ نَّخِيْلٍ وَّاَعْنَابٍ لَّكُمْ فِيْهَا فَوَاكِهُ كَثِيْرَةٌ وَّمِنْهَا تَاْكُلُوْنَ ۝

Fa-ansya'naa lakum bihii jannaatim min nakhiiliw wa a'naabil lakum fiihaa fawaakihu katsiiratuw wa minhaa ta'kuluun.

20. Lan Ingsun wus nuwuhake wit Zaitun thukul saka Gunung Sinai, kang ngetokake lenga kanggo lawuh kang mepengin mangan tumrap wong-wong kang padha mangan.

٢٠- وَشَجَرَةً تَخْرُجُ مِنْ طُوْرِ سَيْنَآءَ تَنْۢبُتُ بِالدُّهْنِ وَصِبْغٍ لِّلْاٰكِلِيْنَ ۝

Wa syajaratan takhruju min thuuri sainaa-a tambutu bidduhni wa shibghil lil-aakiliin.

Gusti Allah andhawuhaken sasampunipun badaning manungsa wau cekap dumadosipun, ing ngriku Ngarsa Dalem Allah lajeng nitahaken titah sanes, dede jenisipun badan wadhag, inggih punika Roh. Salajengipun tumunten dados manungsa inggih kita sadaya punika. Tegesipun manungsa wau lajeng saged nangis, saged gemujeng, saged mlampah, saged nyambut damel, saged mikir, pokokipun saged damel Budaya. Ugi manungsa punika dipun wastani Siti ingkang mlampah, utawi Barang atos ingkang ebah, utawi Endhut ingkang nangis, lan Pepelikan ingkang gemujeng.

Para maos! Manungsa ingkang namung saking dzat wedhi, gamping, tosan sasaminipun, sinareng sampun rinakit sarta tinata dening Allah SWT teka saged mireng, saged sumerep, saged mangertos, saged mikir, saged wicanten, rerembagan, saged merdamel iyasa punapa-punapa; cekakipun saged damel Kabudayan.

Salajengipun manungsa wau sanadyan badhe dikados punapa kadigdayanipun, kasagedanipun, tuwin kaprigelanipun, ewa samanten manawi sampun dumugi janjinipun, boten saged mlajar malih, nyingkiri pejah ingkang sampun tinamtokaken ing Allah. Punapa ingkang makaten punika wau boten anelakaken Maha Kuwaos sarta Maha Sampurnanipun Allah Pangeran ingkang nitahaken?

Lan ingkang makaten wau punapa inggih dereng cekap kangge kupiya tandha bukti bilih Allah pancen Kuwasa badhe nggesangaken malih dhateng tiyang-tiyang ingkang sampun sami pejah?

٢١- وَإِنَّ لَكُمْ فِي الْأَنْعَامِ لَعِبْرَةً نُّسْقِيكُم مِّمَّا فِي بُطُونِهَا وَلَكُمْ فِيهَا مَنَافِعُ كَثِيرَةٌ وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ۝

21. Lan satemene raja-kaya iku dadi ibarat tumrap sira kabeh. Ingsun paringi ombenombenira kabeh saka barang kang ana ing wetenge, lan raja-kaya iku akeh maneh kamanfa'atane tumrap sira, lan sawenehe ana kang sira pangan.

Wa inna lakum fil an'aami la'ibratan nusqiikum mimmaa fii buthuunihaa walakum fiihaa manaafi'u katsiiratuw wa minhaa ta'kuluun.

٢٢- وَعَلَيْهَا وَعَلَى الْفُلْكِ تُحْمَلُونَ ۝

22. Lan sira nalika lelungan bisa nunggangi kewan iku, lan nunggang prahu.

Wa 'alaihaa wa 'alal fulki tuhmaluun.

Sejarah da'wahing para Andika Rasul.

٢٣- وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِ فَقَالَ يَا قَوْمِ اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُ أَفَلَا تَتَّقُونَ ۝

23. Lan temen Ingsun wus ngutus Nuh marang kaume, pangandikane: "He kaumku! Sira padha nyembaha marang Allah, jalaran sira kabeh ora duwe Pangeran kang wajib disembah, kajaba mung PanjenengaNe piyambak, apa sira ora padha wedi marang siksaNe manawa sira nyembah saliyane PanjenengaNe?".

Walaqad arsalnaa nuuhan ilaa qaumihii faqaala yaa qaumi'budul-laaha maa lakum min ilaahin ghairuh, afalaa tattaquun.

٢٤- فَقَالَ الْمَلَأُ الَّذِينَ كَفَرُوا مِن قَوْمِهِ مَا هَٰذَا إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُرِيدُ أَن يَتَفَضَّلَ عَلَيْكُمْ وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَأَنزَلَ مَلَائِكَةً مَّا سَمِعْنَا بِهَٰذَا فِي آبَائِنَا الْأَوَّلِينَ ۝

24. Para gegedhuge wong kafir saka kaume padha celathu: "Iki ora ana liya kajaba manungsa kaya sira kabeh, kang duwe pangarah dadiya wong linuwih ngungkuli sira, saupama Allah ngersakake mesthi PanjenengaNe ngutus Malaikat. Salawase urip aku durung tau krungu kaya kang diucapake dening Nuh iki ana ing zamane Bapakbapakku biyen!

Faqaalal mala-ul ladziina kafaruu min qaumihii maa haadzaa illaa basyarum mitslukum yuriidu ay yatafadhdhala 'alaikum, walau syaa-allaahu la-anzala malaa-ikah, maa sami'naa bihaadzaa fii aabaa-inal awwaliin.

٢٥- إِنْ هُوَ إِلَّا رَجُلٌ بِهِ جِنَّةٌ فَتَرَبَّصُوا بِهِ حَتَّىٰ حِينٍ ۝

25. Ora ana liya dheweke iku kajaba wong lanang kang owah 'akale. Mula padha serantekna tumeka mangsane".

In huwa illaa rajulum bihii jinnatun fatarabbashuu bihii hattaa hiin.

٢٦- قَالَ رَبِّ انصُرْنِي بِمَا كَذَّبُونِ ۝

26. Nuh matur nenuwun: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka paring pitulung dhateng kawula, jalaran tetiyang wau sami anggorohaken dhateng kawula!".

Qaala rabbinshurnii bimaa kadzdzabuun.

٢٧- فَأَوْحَيْنَآ إِلَيْهِ أَنِ اصْنَعِ الْفُلْكَ بِأَعْيُنِنَا وَوَحْيِنَا فَإِذَا جَآءَ أَمْرُنَا وَفَارَ التَّنُّورُ فَاسْلُكْ فِيهَا مِن كُلٍّ زَوْجَيْنِ اثْنَيْنِ وَأَهْلَكَ إِلَّا مَنْ سَبَقَ عَلَيْهِ الْقَوْلُ مِنْهُمْ ۖ وَلَا تُخَاطِبْنِي فِي الَّذِينَ ظَلَمُوٓا ۖ إِنَّهُم مُّغْرَقُونَ ٥

27. Ingsun nuli paring wahyu marang Nuh, dhawuh Ingsun: "Sira gawea prahu kalawan pengawasan sarta wahyu saka ngarsanIngsun, sabanjure manawa wus tekan waktune siksanIngsun lan tannur (keren) 665) wus nguncratake banyu. Sira lebokna ing prahu iku, sawarnaning sato kewan sajodho-sajodho mangkono uga ahlinira, kajaba kang wus tinakdir bakal ketaman siksa saka antarane wong-wong mau. Lan sira aja matur maneh marang Ingsun ing perkaraning wong-wong kang nganiaya, jalaran satemene wong-wong mau bakal dikelemake kabeh!

Fa-auhainaa ilaihi anishna'il fulka bi-a'yuninaa wa wahyinaa fa-idzaa jaa-a amrunaa wa faarattannuur, fasluk fiihaa min kullin zaujainitsnaini wa ahlaka illaa man sabaqa 'alaihil qaulu minhum, walaa tukhaathibnii filladziina zhalamuu, innahum mughraquun.

٢٨- فَإِذَا اسْتَوَيْتَ أَنتَ وَمَن مَّعَكَ عَلَى الْفُلْكِ فَقُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي نَجَّانَا مِنَ الْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ٥

28. Mangka manawa sira, sarta wong kang bebarengan kalawan sira wus padha nunggang prahu iku, sira ngucapa: "Sadaya puji kagunganipun Allah, ingkang sampun milujengaken kula sadaya saking kaum ingkang nganiaya".

Fa-idzas tawaita anta wamam ma'aka 'alal fulki faqulil hamdu lillaahil ladzii najjaanaa minal qaumizh zhaalimiin.

٢٩- وَقُل رَّبِّ أَنزِلْنِي مُنزَلًا مُّبَارَكًا وَأَنتَ خَيْرُ الْمُنزِلِينَ ٥

29. Sarta sira ngucapa panuwun maneh: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka manggenaken kawula ing panggenan ingkang kathah Berkah dalem Allah, tuwin Paduka punika sae-saenipun ingkang Paring panggenan!".

Waqur rabbi anzilnii munzalam mubaarakaw wa anta khairul munziliin..

٣٠- إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ وَإِن كُنَّا لَمُبْتَلِينَ ٥

30. Sanyata kabeh kang wus Ingsun tindakake marang Nuh lan kaume iku, temen dadi tandha yekti KakuwasanIngsun, lan satemene Ingsun kang maringi cobaan lan teteran marang kaume Nuh.

Inna fii dzaalika la-aayaatiw wa-in kunnaa lamubtaliin.

٣١- ثُمَّ أَنشَأْنَا مِن بَعْدِهِمْ قَرْنًا آخَرِينَ ٥

31. Sawuse wong-wong mau dirusak sirna, Ingsun nuli nitahake kaum liya.

Tsumma ansya'naa mim ba'dihim qarnan aakhariin.

665). **Tannur** kados dene luwengan ing nglebet siti, punika tannur pirantos ngopen damel roti ing zaman Nabi Nuh a.s. dipun damel saking siti lempung, anggenipun nglepa ngangge asta kemawon. Sarehning luweng tannur wau pirantos ngepan (oven) roti kalayan mawa, dados garing, manawi teles kenging toya, roti boten mateng. Dados manawi tannur ngüncrataken toya kathah, lajeng mulak-mulak toyanipun punika pratandha badhe banjir bandhang.

32. Ingsun nuli ngutus marang wong-wong mau sawijining Utusan (Hud), 666) saka golongane, kalawan dhawuh : "Sira padha nyembaha Allah, jalaran sira ora duwe Pangeran liya kajaba mung PanjenengaNe Allah piyambak, apa sira ora wedi kalawan siksaNe, manawa sira nyembah saliyane PanjenengaNe?".

٢٣- فَأَرْسَلْنَا فِيهِمْ رَسُولًا مِّنْهُمْ أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُم
مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُ ۚ أَفَلَا تَتَّقُونَ ۝

Fa-arsalnaa fiihim rasuulam minhum ani'budullaaha maa lakum min ilaahin ghairuh, afalaa tattaquun.

33. Lan para panggedhe saka kaume kang padha kafir, lan anggorohake kalawan bakal katemune karo dina Akhir (anggone ditangekake maneh sawuse mati), dheweke wus padha Ingsun paringi kani'matan ana ing kauripan Donya, lan padha ngucap: "Ora ana liya iku, kajaba manungsa kaya sira, kang mangan saka barang kang sira pangan sarta ngombe saka barang kang padha sira ombe.

٢٣- وَقَالَ الْمَلَأُ مِن قَوْمِهِ الَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِلِقَاءِ
الْآخِرَةِ وَأَتْرَفْنَاهُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا مَا هَٰذَا إِلَّا بَشَرٌ
مِّثْلُكُمْ يَأْكُلُ مِمَّا تَأْكُلُونَ مِنْهُ وَيَشْرَبُ مِمَّا
تَشْرَبُونَ ۝

Wa qaalal mala-u min qaumihil ladziina kafaruu wa kadzdzabuu biliqaa-il aakhirati wa atrafnaahum fil hayaatid dunyaa, maa haadzaa illaa basyarum mitslukum ya'kulu mimmaa ta'kuluuna minhu wa yasyrabu mimmaa tasyrabuun.

34. Lan manawa sira manut marang manungsa kang kaya sira kabeh, lha yen mangkono temen sira padha kapitunan.

٣٤- وَلَئِنْ أَطَعْتُم بَشَرًا مِّثْلَكُمْ إِنَّكُمْ إِذًا لَّخَاسِرُونَ ۝

Wala-in atha'tum basyaram mitslakum innakum idzal lakhaasiruun.

35. Apa dheweke anjanji marang sira, yen sira mati, ing mangka wus dadi lemah, lan balung, sira bakal padha diwetokake saka kubur diuripake maneh?

٣٥- أَيَعِدُكُمْ أَنَّكُمْ إِذَا مِتُّمْ وَكُنتُمْ تُرَابًا وَعِظَامًا
أَنَّكُم مُّخْرَجُونَ ۝

Aya'idukum annakum idzaa mittum wa kuntum turaabaw wa 'izhaaman annakum mukhrajuun.

36. Tangeh lamun adoh banget apa kang dijanjekake marang sira kabeh iku.

٣٦- هَيْهَاتَ هَيْهَاتَ لِمَا تُوعَدُونَ ۝

Haihaata haihaata limaa tuu'aduun.

666). Ayat 31 lan 32 punika dening para Sarjana (Jumhur) Ahli Tafsir, saking Riwayatipun Sekabat Ibnu Abbas r.a. anerangaken bilih kaum enggal wau, kaum 'Ad, inggih kaumipun Nabi Hud a.s.

37. Ora ana urip kita kabeh iku, kajaba mung urip sapisan ana ing Donya iki, aku kabeh mati, lan aku kabeh urip,[667] lan ora pisan-pisan aku kabeh bakal ditangekake urip maneh.

٣٧- إِنْ هِيَ إِلَّا حَيَاتُنَا الدُّنْيَا نَمُوتُ وَنَحْيَا وَمَا نَحْنُ بِمَبْعُوثِينَ ۝

In hiya illaa hayaatunad dun-yaa namuutu wa nahyaa wamaa nahnu bimab'uutsiin.

38. Ora ana liya dheweke iku, kajaba wong lanang kang gawe gegorohan ngaku-aku atas asmaNe Allah, lan ora pisan-pisan aku kabeh percaya marang dheweke".

٣٨- إِنْ هُوَ إِلَّا رَجُلٌ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا وَمَا نَحْنُ لَهُ بِمُؤْمِنِينَ ۝

In huwa illaa rajulu(n)iftaraa 'alallaahi kadzibaw wamaa nahnu lahuu bimu'miniin.

39. Rasul iku matur do'a: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka paring pitulungan dhumateng kawula, jalaran tetiyang wau sami anggorohaken dhateng kawula!".

٣٩- قَالَ رَبِّ انْصُرْنِي بِمَا كَذَّبُونِ ۝

Qaala rabbinshurnii bimaa kadzdzabuun.

40. Allah ngandika: "Sadela maneh wong-wong mau mesthi bakal padha getun!".

٤٠- قَالَ عَمَّا قَلِيلٍ لَيُصْبِحُنَّ نَادِمِينَ ۝

Qaala 'ammaa qaliilil layushbihunna naadimiin.

41. Wong-wong mau nuli kapatrapan siksa kalawan sabenere, wong-wong mau nuli Ingsun dadekake kaya dene uwuh aking kang kentir ing banjir, mangka adoh temen rahmating Allah saka kaum kang nganiaya.[668]

٤١- فَأَخَذَتْهُمُ الصَّيْحَةُ بِالْحَقِّ فَجَعَلْنَاهُمْ غُثَاءً فَبُعْدًا لِّلْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ۝

Fa-akhadzat humush shaihatu bilhaqqi faja'alnaahum ghutsaa-a, fabu'dal lilqaumizh zhaalimiin.

42. Ingsun nuli anitahake kaum-kaum liya, sawuse wong-wong mau padha dirusak sirna![669]

٤٢- ثُمَّ أَنْشَأْنَا مِنْ بَعْدِهِمْ قُرُونًا آخَرِينَ ۝

Tsumma ansya'naa mim ba'dihim quruunan aakhariin.

---

667). Maksudipun wonten ingkang pejah, lajeng wonten malih ingkang lahir.

668). Para Mufassirin (Ahli Tafsir) anerangaken: kados makaten akibatipun tetiyang kafir sami sirna kasiksa ing Donya lan langgeng ing Neraka, ing mangka sawaunipun tiyang ingkang badanipun ageng lan rosa, kasugihan lan kawibawanipun ageng kaloka kazhalimanipun, sareng dipun siksa namung kados sampah garing kentir ing banjir bandhang.

669). Inggih punika kaumipun Nabi Shaleh, kaumipun Nabi Luth, lan kaumipun Nabi Syu'aib.

43. Ora ana sawijining ummat kang bisa ngajokake ajale lan uga ora ana kang bisa ngundurake ajale.

٤٣- مَا تَسْبِقُ مِنْ أُمَّةٍ أَجَلَهَا وَمَا يَسْتَأْخِرُونَ ۝

Maa tasbiqu min ummatin ajalahaa wamaa yasta'khiruun.

44. Ingsun banjur ngutus para Utusan-Ingsun ganti-gumanti. Saben-saben Utusan iku rawuh marang ummat, wong-wong mau padha anggorohake marang Utusan. Ingsun nuli ngrusak ganti-ganti, sawenehe nuli kasusul liyane, lan dheweke Ingsun dadekake kembang lambe kadadean-sejarah. Adoh timen Rahmate Allah (karusakan) tumrap wong-wong kang ora percaya.

٤٤- ثُمَّ أَرْسَلْنَا رُسُلَنَا تَتْرَا كُلَّمَا جَاءَ أُمَّةً رَسُولُهَا كَذَّبُوهُ فَأَتْبَعْنَا بَعْضَهُمْ بَعْضًا وَجَعَلْنَاهُمْ أَحَادِيثَ فَبُعْدًا لِقَوْمٍ لَا يُؤْمِنُونَ ۝

Tsumma arsalnaa rusulanaa tatraa, kullamaa jaa-a ummatar rasuuluhaa kadzdzabuuhu fa-atba'naa ba'dhahum ba'dhaw waja'alnaahum ahaadiits, fabu'dal liqaumil laa yu'minuun.

45. Ingsun banjur ngutus Musa lan Harun sadulure, kalawan ngampil tandha yektinIngsun, lan hujjah - katerangan kang nyata. 670)

٤٥- ثُمَّ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ وَأَخَاهُ هَارُونَ بِآيَاتِنَا وَسُلْطَانٍ مُبِينٍ ۝

Tsumma arsalnaa muusaa wa akhaahu haaruuna bi-aayaatinaa wa sulthaanim mubiin.

46. Rawuh marang Fir'aun lan para panggedhe, mangka wong-wong mau padha gumedhe sarta dadi kaum kang kumalungkung (adigang, adigung, adiguna!).

٤٦- إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَئِهِ فَاسْتَكْبَرُوا وَكَانُوا قَوْمًا عَالِينَ ۝

Ilaa fir'auna wa mala-ihii fastakbaruu wa kaanuu qauman 'aaliin.

47. Wong-wong mau padha ngucap: "Apa hiya kita gelem percaya marang wong loro kang kaya kita, lah wong-wong kaume bae, malah padha nyembah marang kita?".

٤٧- فَقَالُوا أَنُؤْمِنُ لِبَشَرَيْنِ مِثْلِنَا وَقَوْمُهُمَا لَنَا عَابِدُونَ ۝

Faqaaluu anu'minu libasyaraini mitslinaa wa qaumahumaa lanaa 'aabiduun.

48. Wong-wong mau nuli nggorohake karo-karone, dheweke (Fir'aun sawadyane) padha dadi golongane wong-wong kang dirusak sirna.

٤٨- فَكَذَّبُوهُمَا فَكَانُوا مِنَ الْمُهْلَكِينَ ۝

Fakadzdzabuu humaa fakaanuu minal muhlakiin.

---

670). **Mu'jizatipun Kanjeng Nabi Musa a.s. wonten sanga, inggih punika: teken, asta, walang, tuma, kodhok, rah, angin lesus, Segara, lan pagunungan Thursina. Mirsanana kitab "Tarikhul Anbiya',, utawi "Sejarah para Andika Rasul".**

49. Lan temen Ingsun wus paring kitab Taurat marang Musa, supaya wong-wong Bani Israil padha oleh pituduh.

٤٩- وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُوْنَ ۝

Walaqad aatainaa muusal kitaaba la'alahum yahtaduun.

50. Lan putrane Maryam, 'Isa sarta Ibune, Ingsun dadekake tandha yekti kakuwasaan-Ingsun, lan sakarone wus Ingsun panggonake ana ing panggonan kang dhuwur, kang pelatarane rata tur banyune mili, yaiku sawijining papan ing Palestina.

٥٠- وَجَعَلْنَا ابْنَ مَرْيَمَ وَاُمَّهٗٓ اٰيَةً وَّاٰوَيْنٰهُمَآ اِلٰى رَبْوَةٍ ذَاتِ قَرَارٍ وَّمَعِيْنٍ ۝

Wa ja'alnabna maryama wa ummahuu aayataw wa aawainaahumaa ilaa rabwatin dzaata qaraariw wa ma'iin.

Agama kaampil para Andika Nabi lan Rasul iku mung Agama kang sawiji.

51. He para Utusaning Allah! Sira padha mangana barang kang becik-becik (suci-suci), lan padha nindakna 'amal kabecikan. Sanyata Ingsun Nupiksani samubarang kang padha sira tindakake.

٥١- يٰٓاَيُّهَا الرُّسُلُ كُلُوْا مِنَ الطَّيِّبٰتِ وَاعْمَلُوْا صَالِحًا ۗ اِنِّيْ بِمَا تَعْمَلُوْنَ عَلِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhar rasuulu kuluu minath thayyibaati wa'maluu shaalihaa, innii bimaa ta'maluuna 'aliim.

52. Lan sanyata piwulang iku, Agamanira kabeh, Agama kang sawiji, lan mung Ingsun Pangeranira kabeh, mulane sira padha wedia marang Ingsun piyambak.

٥٢- وَاِنَّ هٰذِهٖٓ اُمَّتُكُمْ اُمَّةً وَّاحِدَةً وَّاَنَا رَبُّكُمْ فَاتَّقُوْنِ ۝

Wa inna haadzihii ummatukum ummataw waahidataw wa ana rabbukum fattaquun.

53. Ananging wong-wong banjur padha mecah-mecah prakarane Agama kang ana antarane dheweke dadi pirang-pirang pantha. Siji-sijining pantha padha dhemen (kasengsem) marang anggepe dhewe-dhewe. 671)

٥٣- فَتَقَطَّعُوْٓا اَمْرَهُمْ بَيْنَهُمْ زُبُرًا ۗ كُلُّ حِزْبٍۢ بِمَا لَدَيْهِمْ فَرِحُوْنَ ۝

Fataqaththa'uu amrahum bainahum zuburaa, kullu hizbim bimaa ladaihim farihuun.

671). Miturut dhawuhing ayat punika, tetela bilih Agamining Allah ingkang kaparingaken dhateng para Andika Nabi, punika namung satunggal, inggih punika Agami Islam ingkang mucalaken Tauhid ing Allah, sarta ambengkas sadaya kamusyrikan (mirsanana surat Al-Anbiya' ayat: 92 lan surat Zumar ayat: 2 lan 3). Dene wontenipun Agami wau lajeng pepecahan tuwin gegesehan dados pinten-pinten warni, punika namung saking pokalipun tetiyang pandherekipun para Andika Nabi wau, ingkang sami lacut, jail tur murka kasengsem dhateng kamompyoraning kadonyan (mirsanana surat Ali Imran ayat: 19). Pramila hamung Allah SWT piyambak ingkang badhe paring putusan akhir (hisab) benjing ing dinten Qiyamat.

54. Muhammad! Mulane wong mau ujanen bae ana ing kabingungane, nganti tumekane mangsa (mati utawa siniksa).

٥٤- فَذَرْهُمْ فِي غَمْرَتِهِمْ حَتّٰى حِيْنٍ ۝

Fadzarhum fii ghamratihim hattaa hiin.

55. Apa dheweke padha ngira yen anggon-Ingsun paring bandha, lan anak pirang-pirang marang dheweke mau.

٥٥- أَيَحْسَبُوْنَ أَنَّمَا نُمِدُّهُمْ بِهٖ مِنْ مَّالٍ وَّبَنِيْنَ ۙ

Ayahsabuuna annamaa numidduhum bi-hii mim maaliw wa baniin.

56. Iku bakal Sun kanggo ngrekatake dheweke ana ing pirang-pirang kabecikan (kabegjan)? Ora! Balik mung kanggo nglulu. Mung bae dheweke ora padha krasa.672)

٥٦- نُسَارِعُ لَهُمْ فِي الْخَيْرٰتِ ۚ بَلْ لَّا يَشْعُرُوْنَ ۝

Nusaari'u lahum fil khairaat, bal laa yasy'uruun.

Sifate wong Muslim kang ikhlas.

57. Dene wong kang padha dheg-dhegan sabab dening padha wedi ing Pangerane.

٥٧- إِنَّ الَّذِيْنَ هُمْ مِّنْ خَشْيَةِ رَبِّهِمْ مُّشْفِقُوْنَ ۙ ۝

Innalladziina hum min khasy-yati rabbi-him musyfiquun.

58. Lan kang padha ngestokake Ayat-ayating Pangerane.

٥٨- وَالَّذِيْنَ هُمْ بِاٰيٰتِ رَبِّهِمْ يُؤْمِنُوْنَ ۙ

Walladziina hum bi-aayaati rabbihim yu'minuun.

59. Lan wong-wong kang padha nyekuthokake marang Pangerane.

٥٩- وَالَّذِيْنَ هُمْ بِرَبِّهِمْ لَا يُشْرِكُوْنَ ۙ

Walladziina hum birabbihim laa yusy-rikuun.

672). Dhawuhing ayat punika mengku suraos ingkang wigatos, inggih punika andhawuhaken supados gesang kita wonten ing 'alam Donya punika kedah ingkang tansah prayitna sarta ingkang ngatos-atos. Sampun ngantos lena, gumampil lan gemluweh dhumateng kuwajiban sarta Agaminipun. Sampun ngantos katlumpen lan kablithuk namung ngendel-endelaken kamulyan utawi kamuktenipun. Awit kamulyan utawi kamukten paparingipun Allah wau, dereng namtokaken manawi punika kangge marginipun Allah badhe paring kasaenan utawi kabegjan, terkadhang punika namung kangge panglulu ingkang badhe dados sababipun katiwasan utawi kacilakan. Inggih punika ciri-ciri krisis akhlaq utawi krisis panggulawenthah pandhidhikan ing zaman modern. Saweneh para mudha sami boten gregut ambelani Tanah Wutah Rah, Nusa lan Bangsa. Malah sami dem-deman, ubyang-ubyung tanpa gina, nirokaken tiyang Kilenan, utawi sami nelas-nelasaken artanipun tiyang sepuhipun ingkang nembe angsal kamukten bandha kadonyan (pangkat lan semat). Dhuh para sutrisna, samiya enget ing Allah SWT, enget bilih kita boten sande badhe sowan ing ngarsa dalem Allah. (Mirsanana surat At-Taubah ayat: 55 lan surat Ali-'Imron ayat: 178).

60. Lan wong kang padha gelem mewehake barang kang wus pinaringake marang dheweke (saka Zakat lan Sadaqah), sarta atine padha wedi,[673] marga dheweke bakal padha bali sowan marang ngarsaning Pangerane.

٦٠- وَالَّذِيْنَ يُؤْتُوْنَ مَآ اٰتَوْا وَّقُلُوْبُهُمْ وَجِلَةٌ اَنَّهُمْ اِلٰى رَبِّهِمْ رٰجِعُوْنَ ۙ

Walladziina yu'tuuna maa aataw wa quluubuhum wajilatun annahum ilaa rabbihim raaji'uun.

61. Sanyata hiya wong kang mangkono mau sing jeneng padha bebalapan rebut dhucung ana ing kabecikan, lan dheweke bakal padha dhisik ana ing tindak-tindak becik mau.

٦١- اُولٰٓئِكَ يُسٰرِعُوْنَ فِى الْخَيْرٰتِ وَهُمْ لَهَا سٰبِقُوْنَ ۝

Ulaa-ika yusaari'uuna fil khairaati wa hum lahaa saabiquun.

62. Lan Ingsun ora amerdi marang sijisijining awak, kajaba sakuwate (sakuwasane), lan ana ing ngastaningSun pribadi Kitab cathetan kang anerangake sarana sabener-benere[674] sarta wong-wong mau ora bakal padha dikaniaya.

٦٢- وَلَا نُكَلِّفُ نَفْسًا اِلَّا وُسْعَهَا وَلَدَيْنَا كِتٰبٌ يَّنْطِقُ بِالْحَقِّ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ۝

Walaa nukallifu nafsan illaa wus'ahaa wa ladainaa kitaabuy yantiqu bilhaqqi wahum laa yuzhlamuun.

Wong kafir diwelehake lan diancam siksa.

63. Ananging ati-atine wong-wong kafir iku kesasar dalane anggone maham kasunyatan iki, lan dheweke akeh ngamal tumindake ala liyane maneh. Malah dheweke tetep ajeg anggone padha nindakake mau.

٦٣- بَلْ قُلُوْبُهُمْ فِىْ غَمْرَةٍ مِّنْ هٰذَا وَلَهُمْ اَعْمَالٌ مِّنْ دُوْنِ ذٰلِكَ هُمْ لَهَا عٰمِلُوْنَ ۝

Bal quluubuhum fii ghamratim min haadzaa walahum a'maalum min duuni dzaalika hum lahaa 'aamiluun.

64. Nganti manawa Ingsun wus matrapake azab ing Akherat marang wong-wong kang biyen uripe mubra-mubru ing antarane wong-wong mau, ing waktu iku dheweke jelih-jelih sambat-sambat melas asih.

٦٤- حَتّٰٓى اِذَآ اَخَذْنَا مُتْرَفِيْهِمْ بِالْعَذَابِ اِذَا هُمْ يَجْـَٔرُوْنَ ۝

673). Sampun nindakaken zakat lan dedana (sedhekah) mawarni-warni kenging punapa manahipun ajrih? Jalaran insaf manawi benjing ing dinten Hisab (dipun adili sadaya amalipun) bandha paparingipun Allah wau tamtu badhe dipun suwuni katerangan ing bab ibadah-sosialipun. Makaten ugi ing bab ibadah-politikipun, ibadah-ideologinipun, ibadah-militeripun, ibadah-sosial budayanipun, lan ibadah-ekonominipun. Sumangga para sutrisna kapanggaliha sarana wiyar, ing bab ibadah punapa ingkang sampun kita tindakaken dados 'amal-shaleh wonten ing 'alam parjoangan?! Pramila swawi samia bebalapan utawi kompitisi damel usaha-usaha ngudi dhateng kasaenan!

674). Kitab cathetan punika seratanipun Malaikat Raqib lan Atid, ingkang nyathethi sadaya sae lan awon, tumindakipun satunggal-satunggaling manungsa ing nalika gesang wonten 'alam Donya. Cathetan wau authentic (sanes namung tiru-tiru) sarta objective (miturut kasunyatanipun) lan jejeripun dados sekretaris pangadilan Agung ing ngarsa dalem Allah SWT (mirsanana surat Al-Jatsiyah ayat: 29).

Hattaa idzaa akhadznaa mutra fiihim bil 'adzaabi idzaa hum yaj-aruun.

65. Nuli didhawuhi: "Sira aja padha jelih-jelih sambat ngaru-ara anjaluk tulung iki dina, sabab sanyatane sira kabeh ora bakal oleh pitulungan kang bisa nylametake saka siksanIngsun.

٦٥- لَا تَجْـَٔرُوا الْيَوْمَ ۖ إِنَّكُمْ مِنَّا لَا تُنْصَرُونَ ۝

Laa taj-arul yauum, innakum minnaa laa tunsharuun.

66. Satemene Ayat-ayatIngsun (Al Quraan) iku wus kawacakake marang sira, nanging sira nuli malah mlengos bali marang Agamanira biyen.

٦٦- قَدْ كَانَتْ آيَاتِي تُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ فَكُنْتُمْ عَلَىٰ أَعْقَابِكُمْ تَنْكِصُونَ ۝

Qad kaanat aayaatii tutlaa 'alaikum fakuntum 'alaa a'qaabikum tankishuun.

67. Apa dene padha gumedhe ngaku-aku anduweni Baitullah, ing mangka nalika sira omong-omong perkara Al Quraan ing waktu bengi sira ngucapake ucapan nyenyamah kang nistha banget.

٦٧- مُسْتَكْبِرِينَ بِهِ سَامِرًا تَهْجُرُونَ ۝

Mustakbiriina bihii saamiran tahjuruun.

68. Mula, apa wong-wong mau ora padha mikir dhawuhing Quraan?. utawa apa dheweke wus padha nampa Kitab kang durung tahu tumeka marang Bapak-bapakne dhek biyen?

٦٨- أَفَلَمْ يَدَّبَّرُوا الْقَوْلَ أَمْ جَاءَهُمْ مَا لَمْ يَأْتِ آبَاءَهُمُ الْأَوَّلِينَ ۝

Afalam yaddabbarul qaula am jaa-a hum maalam ya'ti aabaa-ahumul awwaliin.

69. Utawa apa wong-wong mau ora sumurup marang Rasul Utusane, banjur dheweke padha ngungkiri marang Utusan iku.

٦٩- أَمْ لَمْ يَعْرِفُوا رَسُولَهُمْ فَهُمْ لَهُ مُنْكِرُونَ ۝

Am lam ya'rifuu rasuulahum fahum lahuu munkiruun.

70. Utawa apa patut dheweke nyebutake Utusan iku (Muhammad) owah akale? Mangka Rasul Muhammad wus ngampil Agama kang bener, nanging dhasar akeh-akehe wong-wong iku padha gething marang Agama kang bener.

٧٠- أَمْ يَقُولُونَ بِهِ جِنَّةٌ ۚ بَلْ جَاءَهُمْ بِالْحَقِّ وَأَكْثَرُهُمْ لِلْحَقِّ كَارِهُونَ ۝

Am yaquuluuna bihii jinnah, bal jaa-a hum bilhaqqi wa aktsaruhum lilhaqqi kaarihuun.

71. Lan saupama kabeneran iku (Al Quraan) manut marang hawa nafsune wong-wong mau, yekti rusak Langit-langit lan Bumi, dalah saisen-isene kabeh. Satemene Ingsun wus nekakake pepeling Quraan marang wong-wong mau, nanging dheweke malah padha mlengos saka pepeling.

٧١- وَلَوِ اتَّبَعَ الْحَقُّ أَهْوَآءَهُمْ لَفَسَدَتِ السَّمٰوٰتُ وَالْأَرْضُ وَمَنْ فِيهِنَّ ۚ بَلْ أَتَيْنٰهُمْ بِذِكْرِهِمْ فَهُمْ عَنْ ذِكْرِهِمْ مُعْرِضُونَ ۝

Walawittaba'al haqqu ahwaa-ahum lafasadatis samaawaatu wal ardhu waman fiihinn, bal atainaahum bidzikrihim fahum 'an dzikrihim mu'ridhuun.

72. Utawa apa patut: "Sira Muhammad anjaluk opahan marang wong-wong mau?". Ora patut, satemene kamurahan peparinging ganjaran saka Pangeranira iku luwih becik, 675) lan PanjenengaNe iku becik-becike kang paring rezeki.

٧٢- أَمْ تَسْـَٔلُهُمْ خَرْجًا فَخَرَاجُ رَبِّكَ خَيْرٌ ۖ وَهُوَ خَيْرُ الرّٰزِقِينَ ۝

Am tas-aluhum kharjan fakharaaju rabbika khaiir, wahuwa khairur raaziqiin.

73. Lan satemene sira Muhammad, temen ngajak ing wong-wong mau marang dalane Agama kang bener.

٧٣- وَإِنَّكَ لَتَدْعُوهُمْ إِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ۝

Wa innaka latad'uuhum ilaa shiraatim mustaqiim.

74. Lan sanyatane wong-wong kang ora padha ngandel marang Akherat, iku wong kang nalisir saka Agama kang bener.

٧٤- وَإِنَّ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِالْآخِرَةِ عَنِ الصِّرَاطِ لَنَاكِبُونَ ۝

Wa innalladziina laa yu'minuuna bil aakhirati 'anish shiraathi lanaakibuun.

75. Lan saupama wong-wong musyrik mau Ingsun paringi rahmat kawelasan lan Ingsun ilangi kasusahane kang disandhang, 676) mesthi wong-wong mau padha tetep lestari anggone lacut tur padha kebangeten anggone mbudheg bisu.

٧٥- وَلَوْ رَحِمْنٰهُمْ وَكَشَفْنَا مَا بِهِمْ مِّنْ ضُرٍّ لَّلَجُّوا فِي طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُونَ ۝

Walau rahimnaahum wa kasyafnaa maa bihim min dhurril lalajjuu fii thughyaanihim ya'mahuun.

675). **Paparingipun Allah ganjaran wau wonten ing Donya lan ugi wonten ing Akherat, langkung-langkung!**

676). **Kasisahan wau inggih punika wekdal paceklik panjang, sarta dagangan tetedhan saking Yaman boten dhateng ing tiyang musyrik ing Mekkah.**

76. Lan yekti nyata Ingsun wus matrapi siksa marang wong-wong mau,[677] ananging dheweke meksa ora gelem sumarah marang Allah, lan ora gelem nenuwun marang PanjenengaNe sarana dhedhepe.

٧٦- وَلَقَدْ أَخَذْنٰهُمْ بِالْعَذَابِ فَمَا اسْتَكَانُوا لِرَبِّهِمْ وَمَا يَتَضَرَّعُونَ ۝

Walaqad akhadznaahum bil 'adzaabi famas takaanuu lirabbihim wamaa yatadharra'uun.

77. Nganti manawa Ingsun wus ambuka lawang siksa kang banget larane tumrap wong-wong mau, ing waktu iku dumadakan dheweke katon padha nglokro!

٧٧- حَتّٰىٓ إِذَا فَتَحْنَا عَلَيْهِمْ بَابًا ذَا عَذَابٍ شَدِيدٍ إِذَا هُمْ فِيهِ مُبْلِسُونَ ۝

Hattaa idzaa fatahnaa 'alaihim baaban dzaa 'adzaabin syadiidin idzaa hum fiihi mublisuun.

Wus ora kekurangan tandha-yekti saka Pangeran manawa kabeh manungsa ditangeksake saka kubur, perlu diadili kabeh amal-tumindake, nanging wong kafir tetep ora ngandel tur ngedak-edakake!

78. Lan PanjenengaNe kang wus andamel pangrungu, pandeleng, lan ati kanggo sira kabeh, nanging sathithik banget saka sira kabeh kang padha syukur.[678]

٧٨- وَهُوَ الَّذِي أَنْشَأَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَالْأَفْئِدَةَ قَلِيلًا مَا تَشْكُرُونَ ۝

Wa huwal ladzii ansya-a lakumus sam'a wal abshaara wal af-idah, qaliilam maa tasykuruun.

79. Lan PanjenengaNe kang nitahake sira kabeh terah tumerah ana ing Bumi, lan marang PanjenengaNe sira kabeh bakal padha dikumpulake.

٧٩- وَهُوَ الَّذِي ذَرَأَكُمْ فِي الْأَرْضِ وَإِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ۝

Wa huwal ladzii dzara-akum fil ardhi wa ilaihi tuhsyaruun.

80. Lan PanjenengaNe kang nguripi lan kang mateni, lan mung PanjenengaNe kang ngatur giliraning rina kalawan wengi, apa sira ora padha mangerti?

٨٠- وَهُوَ الَّذِي يُحْيِي وَيُمِيتُ وَلَهُ اخْتِلَافُ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

---

677). Siksa wau kados ingkang kaseksen kaningayanipun lan kalacutanipun tiyang kafir lan musyrik Mekkah dipun wales dados kaseser lan kawon ajeng-ajengan ing palagan perang Badar! Pemimpin jejunggulipun sami katiwasan pejah, wangsul ing Mekkah katungka dhatengipun paceklik panjang, kathah karisakan moral ingkang damel crah bibrahing masyarakat, punika ugi siksa ingkang sakalangkung awrat.

678). Wonten tiga driya ingkang fital: **pamireng, paningal, lan manah,** tegesipun manawi jantung sampun risak, paningal wuta, lan pamireng budheg, punika invalide (cacad badan wadhag) ingkang nguciwakaken sanget, makaten ugi cacad asta lan suku. Pramila kersaning Allah panca-driya wau mugi katandukaken amal ingkang utami lan sae, menggahing Masyarakat lan Agami. Makaten tiyang ingkang taqwa tansah anjagi panca-driya supados lumampah ingkang sae!

Wa huwal ladzii yuhyii wa yumiitu wa lahukh tilaaful laili wannahaar, afalaa ta'qiluun.

81. Satemene wong-wong mau kabeh wus omong kaya omongane wong biyen-biyen!

٨١. بَلْ قَالُوا مِثْلَ مَا قَالَ الْأَوَّلُونَ ۝

Bal qaaluu mitsla maa qaalal awwaluun.

82. Wong-wong mau padha ngucap: "Apa manawa aku kabeh mati lan wus dadi lemah sarta dadi balung, apa hiya aku kabeh bakal padha ditangekake?

٨٢. قَالُوا أَإِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَعِظَامًا أَإِنَّا لَمَبْعُوثُونَ ۝

Qaaluu a-idzaa mitnaa wa kunnaa turaabaw wa 'izhaaman a-innaa lamab'uutsuun.

83. Satemene aku lan Bapak-bapakku biyen wus dijanji kalawan janji iki. Ora ana liya kang dijanjekake iku kajaba dedongengan ngaya wara nalika zaman semana".

٨٣. لَقَدْ وُعِدْنَا نَحْنُ وَآبَاؤُنَا هَٰذَا مِنْ قَبْلُ إِنْ هَٰذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ۝

Laqad wu'idnaa nahnu wa aabaa-unaa haadzaa min qablu in haadzaa illaa asaathiirul awwaliin.

84. Dhawuha sira Muhammad: "Kagungane sapa Bumi dalah kabeh saisen-isene yen nyata sira sumurup marang kang kagungan".

٨٤. قُلْ لِمَنِ الْأَرْضُ وَمَنْ فِيهَا إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ ۝

Qul limanil ardhu waman fiihaa in kuntum ta'lamuun.

85. Wong-wong mau bakal mangsuli: "Kagungane Allah". Sira dhawuha maneh: "Apa sira ora mikir (eling) kuwasaNe Pangeran?".

٨٥. سَيَقُولُونَ لِلَّهِ قُلْ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ۝

Sayaquuluuna lillaah, qul afalaa tadzakkaruun.

86. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa Pangeraning pitung Langit lan Pangeraning 'Arsy kang agung?".

٨٦. قُلْ مَنْ رَبُّ السَّمَاوَاتِ السَّبْعِ وَرَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ ۝

Qul mar rabbus samaawaatis sab'i wa rabbul 'arsyil 'azhiim.

87. Wong-wong mau bakal mangsuli: "Kabeh kagungane Allah". Sira dhawuha maneh: "Apa sira ora sumungkem ing Allah?".

٨٧. سَيَقُولُونَ لِلَّهِ قُلْ أَفَلَا تَتَّقُونَ ۝

Sayaquuluuna lillaah, qul afalaa tattaquun.

88. Sira takona maneh Muhammad: "Sapa kang ngasta (kagungan) panguwasaning kabeh perkara, kang nulungi lan kang anjaga, ananging ora ditulungi lan ora dijaga, manawa sira padha sumurup?".

٨٨- قُلْ مَنْ بِيَدِهٖ مَلَكُوْتُ كُلِّ شَيْءٍ وَّهُوَ يُجِيْرُ وَلَا يُجَارُ عَلَيْهِ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ۝

Qul mam biyadihii malakuutu kulli syai-iw wahuwa yujiiru walaa yujaaru 'alaihi in-kuntum ta'lamuun.

89. Wong-wong mau bakal mangsuli: "Mung Allah piyambak kang nguwasani". Dhawuha sira: "Yen mangkono, hla kena apa sira teka nganti kapusan bektimu marang PanjenengaNe?".

٨٩- سَيَقُوْلُوْنَ لِلّٰهِ قُلْ فَاَنّٰى تُسْحَرُوْنَ ۝

Sayaquuluuna lillaah, qul fa-annaa tusharuun.

90. Satemene Ingsun wus nekakake marang wong-wong mau kalawan piwulang kang bener (Agama Tauhid), lan sanyatane wong-wong mau pancen padha goroh.

٩٠- بَلْ اَتَيْنٰهُمْ بِالْحَقِّ وَاِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ۝

Bal atainaahum bilhaqqi wa innahum lakaadzibuun.

91. Allah iku ora kagungan putra, lan ora ana Pangeran liya kang ngantheni PanjenengaNe Allah, manawa ana, mesthi saben Pangeran bisa gawe makhluk dhewe-dhewe, temahan sawenehe Pangeran ngalahake marang sawenehe Pangeran liyane. Maha Suci Allah saka apa bae barang kang disifatake dening wong-wong mau.

٩١- مَا اتَّخَذَ اللّٰهُ مِنْ وَّلَدٍ وَّمَا كَانَ مَعَهٗ مِنْ اِلٰهٍ اِذًا لَّذَهَبَ كُلُّ اِلٰهٍۢ بِمَا خَلَقَ وَلَعَلَا بَعْضُهُمْ عَلٰى بَعْضٍ ۭ سُبْحٰنَ اللّٰهِ عَمَّا يَصِفُوْنَ ۙ

Mattakhadzal-laahu miw waladiw wamaa kaana ma'ahuu min ilaahin idzal ladzahaba kullu ilaahim bimaa khalaqa wa la'alaa ba'dhuhum 'alaa ba'dhin, subhaanallaahi 'ammaa yashifuun.

92. PanjenengaNe kang Nguwasani barang kang ghaib 679) lan katon. Mula PanjenengaNe iku kang Maha Luhur ngungkuli barang kang padha dimusyrikake.

٩٢- عٰلِمِ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَتَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ۝ ع

'Aalimil ghaibi wasysyahaadati fata'aalaa 'ammaa yusyrikuun.

Do'a mugi kareksa aja nganti dadi golongane wong zhalim.

93. Dhawuha sira Muhammad: "Dhuh Pangeran kawula! Manawi Paduka saestu badhe nedahaken dhumateng kawula. Kados punapa "siksa ingkang sampun kajanjekaken ancaman tumrap tetiyang ingkang nganiaya punika".

٩٣- قُلْ رَّبِّ اِمَّا تُرِيَنِّيْ مَا يُوْعَدُوْنَ ۙ

Qur rabbi immaa turiyannii maa yuu'aduun.

679). Perkawis ghaib, mirsanana surat Al-Baqarah ayat: 3.

94. Dhuh Pangeran kawula, mugi kawula sampun ngantos Paduka dadosaken kanca sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ingkang nganiaya".

٩٤- رَبِّ فَلَا تَجْعَلْنِى فِى الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Rabbi falaa taj'alnii fil qaumizh zhaalimiin.

95. Lan satemnee pancen Ingsun kuwasa nuduhake marang sira ing siksa kang wus Ingsun janjekake minangka ancaman marang wong-wong mau.

٩٥- وَاِنَّا عَلٰٓى اَنْ نُّرِيَكَ مَا نَعِدُهُمْ لَقٰدِرُوْنَ ۝

Wa-innaa 'alaa an nuriyannaka maa na'iduhum laqaadiruun.

Tuntunan kanggo nanggulangi mungsuh lan nyuwun reksa saka panggodhaning syetan.

96. Muhammad, sira nulaka laku ala saka wong-wong mau kalawan tindak kang luwih becik, Ingsun maha Ngudaneni ing dheweke anggone ngala-ala marang sira. 680)

٩٦- اِدْفَعْ بِالَّتِىْ هِىَ اَحْسَنُ السَّيِّئَةَ ۗ نَحْنُ اَعْلَمُ بِمَا يَصِفُوْنَ ۝

Idfa' billatii hiya ahsanus sayyi-ah, nahnu a'lamu bimaa yashifuun.

97. Lan munjuka Muhammad: "Dhuh Pangeran kawula! Kawula nyuwun reksa dhumateng Paduka saking panggodhaning syetan-syetan.

٩٧- وَقُلْ رَّبِّ اَعُوْذُ بِكَ مِنْ هَمَزٰتِ الشَّيٰطِيْنِ ۙ

Waqur rabbi a'uudzu bika min hamazaatisy syayaathiin.

98. Tuwin kawula nyuwun reksa dhumateng Paduka, dhuh Pangeran kawula, supados syetan-syetan punika boten nyelaki dhateng kawula.

٩٨- وَاَعُوْذُ بِكَ رَبِّ اَنْ يَّحْضُرُوْنِ ۝

Wa a'uudzu bika rabbi ay yahdhuruun.

680). Wicanten utawi tumindakipun kaum musyrikin lan kafirin ing lampah awon, supados dipun adhepi sarana pangucap lan lampah ingkang langkung sae, langkung positif lan konstruktif, sauger boten anjalari kekes lan kamunduran. Ayat punika mengku suraos piwucal leadership (ilmu lan sipatipun pemimpin) dhumateng Kanjeng Nabi s.a.w., lumeberipun dhateng para ummatipun, langkung-langkung para pamimpin Bangsa lan Negari, para Ulama lan Muballigh, utawi sintena kemawon. Sadaya wau samia ngagem pakerti ingkang sae tur utami, inggih punika manawi dipun awon-awon, dipunbantah utawi dipungegujeng lan dipunsepelekaken sasaminipun, supados dipuntandukana sarana patrap ingkang sae, ingkang nuwuhaken simpatik, lembah manah, tembung alus lan watak ingkang sabar, sarta panjangka mantep madhep lan karep tur ingkang ngyakinaken! Awit patrap ingkang sae tur seni wau, adat ingkang sampun saged ngempukaken manah ingkang atos lan ngluluhaken hardaning nafsu ingkang keras! Kosok wangsulipun patrap awon tur semrawut, saged ngatosaken manah ingkang empuk lan ngakenaken manah ingkang lemes! Mirsanana surat Ali 'Imron ayat: 159 sarta surat Fushshilat ayat: 34-36. Dados cocok kaliyan ujaring para Pujangga kita: "Menang tanpa ngasorake, nglurug tanpa bala". Dene manawi boten kuwawi, kedah-kedah badhe muring, margi dipun ojok-ojoki syetan, enggal maosa ta'awudz (donga nyuwun pangungsen dhumateng Allah) kados dene dhawuhing Ayat lajengipun utawi ta'awwudz sanesipun! Awit namung Gusti Allah piyambak ingkang saged ngayomi saking panggodhaning syetan wau!

99. Nganti manawa pati iku[681] wus teka marang salah sawijining wong-wong kafir mau, dheweke matur: "Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka amangsulaken kawula dhateng Donya gesang malih".

٩٩. حَتّٰٓى اِذَا جَآءَ اَحَدَهُمُ الْمَوْتُ قَالَ رَبِّ ارْجِعُوْنِ ۙ

Hattaa idzaa jaa-a ahadahumul mautu qaala rabbirji'uun.

100. Supados kawula saged anindakaken kasaenan, sadaya perkawis ingkang sampun kawula tilar". Pangandikaning Allah: "Ora pisan-pisan bisa bali", sanyata panuwune iku mung atur kang diucapake kang tanpa guna, lan ing saburine ana aling-aling kang ngalang-alangi wong-wong mau bisa bali menyang Donya, nganti tekan dinane ditangekake saka kubur".[682]

١٠٠. لَعَلِّيْٓ اَعْمَلُ صَالِحًا فِيْمَا تَرَكْتُ كَلَّا ۗ اِنَّهَا كَلِمَةٌ هُوَ قَآئِلُهَا ۗ وَمِنْ وَّرَآئِهِمْ بَرْزَخٌ اِلٰى يَوْمِ يُبْعَثُوْنَ ۝

La'allii a'malu shaalihan fiimaa taraktu kallaa, innahaa kalimatun huwa qaa-iluhaa, wa miw waraa-ihim barzakhun ilaa yaumi yub'atsuun.

Lelakon kang ngebat-ebati besuk ing dina Qiyamat.

101. Manawa wus disebul kalasangka dina Qiyamat, dina iku wus ora ana maneh ambek kumaluhur perkara keturunan ana ing antarane wong-wong iku, lan wus ora ana maneh sing padha takon-tinakon.[683]

١٠١. فَاِذَا نُفِخَ فِى الصُّوْرِ فَلَآ اَنْسَابَ بَيْنَهُمْ يَوْمَئِذٍ وَّلَا يَتَسَآءَلُوْنَ ۝

Fa-idzaa nufikha fishshuuri falaa ansaaba bainahum yauma-idziw walaa yatasaa-aluun.

102. Mula sapa bae sing abot timbangane bobot kabecikane hiya wong-wong iku kang oleh kabegjan.[684]

١٠٢. فَمَنْ ثَقُلَتْ مَوَازِيْنُهٗ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

Faman tsaqulat mawaaziinuhuu fa-ulaa-ika humul muflihuun.

103. Dene sing sapa wonge entheng timbangane, mangka wong-wong mau kang padha kapitunan awake dhewe, bakal padha langgeng ana ing Neraka Jahanam.

١٠٣. وَمَنْ خَفَّتْ مَوَازِيْنُهٗ فَاُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ خَسِرُوْٓا اَنْفُسَهُمْ فِىْ جَهَنَّمَ خٰلِدُوْنَ ۝

Waman khaffat mawaaziinuhuu fa-ulaa-ikal ladziina khasiruu anfusahum fii jahannama khaaliduun.

---

681). Maksudipun manawi tiyang kafir sampun kedhatengan sakaratil-maut, sampun krejut-krejut badhe pejah, nyuwun supados dipun panjangaken umuripun, supados saged iman.

682). Sabakdanipun tiyang pejah punika dipun sarekaken ing kubur, punika sampun pindhah, saking 'alam Donya pindhah 'alam Kubur, ananging 'alam Akherat dereng; pramila 'alam Kubur wau dados wates aling-aling antawisipun Donya lan Akherat.

683). Tegesipun wonten ing Akherat punika tiyang boten saged angendelaken kulawarga satunggal trah lan nasab katurunan, boten saged tulung-tinulung. Saben tiyang gemantung amalipun piyambak-piyambak.

684). Inggih punika tiyang Mu'min ingkang nindakaken 'amal shaleh.

104. Geni Neraka ngobong raine wong-wong mau, lan wong-wong mau ana ing Neraka kono kahanane padha cacad.

١٠٤- تَلْفَحُ وُجُوهَهُمُ النَّارُ وَهُمْ فِيهَا كَٰلِحُونَ ۝

Talfahu wujuuhahumun naaru wahum fiihaa kaalihuun.

105. Ahli Neraka didangu: "Apa Ayat-ayat-Ingsun durung diwacakake marang sira kabeh, lah teka sira malah banjur padha anggorohake?".

١٠٥- أَلَمْ تَكُنْ آيَاتِي تُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ فَكُنْتُمْ بِهَا تُكَذِّبُونَ ۝

Alam takun aayaatii tutlaa 'alaikum fakuntum bihaa tukadzdzibuun.

106. Ature wong-wong mau: "Dhuh Pangeran kula! Kawula sampun dipun kuwaosi dening piawon kawula, pramila kula sadaya dados tiyang ingkang sasar.

١٠٦- قَالُوا رَبَّنَا غَلَبَتْ عَلَيْنَا شِقْوَتُنَا وَكُنَّا قَوْمًا ضَالِّينَ ۝

Qaaluu rabbanaa ghalabat 'alainaa syiqwatunaa wa kunnaa qauman dhaalliin.

107. Dhuh Pangeran kula, mugi Paduka ngentasaken kula saking Neraka punika, lan kawangsulna ing Donya, awit manawi kula ngantos wangsul dhateng kekafiran, estu kula sadaya temtu dados golonganipun tetiyang ingkang nganiaya".

١٠٧- رَبَّنَا أَخْرِجْنَا مِنْهَا فَإِنْ عُدْنَا فَإِنَّا ظَالِمُونَ ۝

Rabbanaa akhrijnaa minhaa fa-in 'udnaa fa-innaa zhaalimuun.

108. Allah ngandika: "Dadia asor sira kabeh ana ing Neraka, lan aja kakehan atur marang Ingsun, nyuwun dientasake saka Neraka".

١٠٨- قَالَ اخْسَئُوا فِيهَا وَلَا تُكَلِّمُونِ ۝

Qaalakhsa-uu fiihaa walaa tukallimuun.

109. Karana satemene saka kawulanIngsun ana sagologann kang matur: "Dhuh Pangeran kula, kula sampun pitados, mila mugi Paduka paring pangapunten tuwin paring sih kawelasan dhateng kula, awit Paduka punika sae-saening Pangeran Dzat ingkang Maha Welas lan Asih".

١٠٩- إِنَّهُ كَانَ فَرِيقٌ مِنْ عِبَادِي يَقُولُونَ رَبَّنَا آمَنَّا فَاغْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ ۝

Innahuu kaana fariiqum min 'ibaadii yaquuluuna rabbanaa aamannaa faghfir lanaa warhamnaa wa anta khairur raahimiin.

110. Mangka sira wong-wong kafir, ngina marang dheweke wong-wong Mu'min, nganti sira padha nglalekake elingira marang Ingsun, lan sira padha anggeguyu katungkul memoyoki marang wong-wong Mu'min mau.

١١٠- فَاتَّخَذْتُمُوهُمْ سِخْرِيًّا حَتَّىٰ أَنْسَوْكُمْ ذِكْرِي وَكُنْتُمْ مِنْهُمْ تَضْحَكُونَ ۝

Fattakhadz tumuuhum sikhriyyan hattaa ansaukum dzikrii wa kuntum minhum tadh-hakuun.

١١١- إِنِّي جَزَيْتُهُمُ الْيَوْمَ بِمَا صَبَرُوا أَنَّهُمْ هُمُ الْفَائِزُونَ ○

Innii jazaituhumul yauma bimaa shabaruu annahum humul faa-izuun.

111. Satemene ing dina iki Ingsun angganjar wong-wong Mu'min kalawan Suwarga, 685) jalaran anggone wus padha sabar, sanyata dheweke iku wong-wong kang padha begja (sukses).

١١٢- قَالَ كَمْ لَبِثْتُمْ فِي الْأَرْضِ عَدَدَ سِنِينَ ○

Qaala kam labits-tum fil ardhi 'adada siniin.

112. Allah andangu marang ahli Neraka: "Pirang tahun lawase sira manggon ana ing Bumi?".

١١٣- قَالُوا لَبِثْنَا يَوْمًا أَوْ بَعْضَ يَوْمٍ فَاسْأَلِ الْعَادِّينَ ○

Qaaluu labitsnaa yauman au ba'dha yaumin fas-alil 'aaddiin.

113. Ature wong-wong mau: "Kula sadaya manggen wonten bumi Donya namung sadinten utawi setengah dinten, Paduka mugi andanguwa dhumateng Malaikat ingkang ngetang 'amal-'amaling makhluk".

١١٤- قَالَ إِنْ لَبِثْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا لَوْ أَنَّكُمْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ ○

Qaala illabits-tum illaa qaliilal lau annakum kuntum ta'lamuun.

114. PangandikaNe Allah: "Sira ora suwe manggon ana ing Donya, kajaba mung sadela manawa ditimbang suwene anggonira manggon ing Neraka, manawa sira padha mangerti".

---

685). Maksuding ayat 104 - 111 punika anelakaken bilih papan kalanggengan tiyang kafir wonten ing Neraka, dene tiyang Mu'min ingkang ahli amal shaleh punika wonten Suwarga ingkang sakalangkung eca-sakeca, sarta tansah pinaringan Sih palimirmaning Allah SWT. Jalaran watakipun tiyang kafir wau wonten Donya sami kumalungkung sarta maiben lan ngina Agama Islam. Sami rumaos nyepeng panguwaos ekonomi lan panguwaos kadonyan sanesipun rumaos pinter piyambak, pramila lajeng sinis lan sering nyepelekaken memoyoki: "Santri-santri (tiyang Islam) padha jengkang-jengking kuwi nyembah sapa, golek apa?" Criyosipun malih Agami punika ngribeti kemajengan modern; ing mangka Shalat punika tumindak sportif lan disiplin ingkang ambangun satunggal-satunggaling Manungsa ingkang paripurna lahir lan batosipun. Manawi satunggal-satunggaling warga Negari ingkang Islam sampun nindakaken Sholat sarana sempurna, Masyarakat utawi Negari badhe tata-tentrem, sepi ing pamrih rame ing gawe (industri lan pertanian modern), sarana Berkah lan Pitedahing Pangeran ingkang Murbeng ngalam. Boten leres Agami punika anti kemajengan modern, malah estunipun Agami punika dados pondhamen dhasar tiyang-tiyang ingkang angayahi lan kawogan pembangunan tehnik-tehnik modern, sarta mernahaken ancas tujuwanipun pembangunan politik, ekonomi, sosial-budaya, militer, lan sadaya aspek kemajengan modern. Manawi boten adhedhasar Taqwa lan piwucal Agami, gesangipun pribadi badhe cemplang, boten wonten bobotipun Manungsa ingkang taqwa ing Allah, lan Masyarakat utawi Negari badhe mujudaken gesang sesrawungan ingkang memelas kalunta-lunta wonten seganten wedhi ingkang benter, ing wusana warganipun sami pating blulung lan bingung piyambak nanjakaken umuripun, pangkatipun, bandhanipun, lan kemajengan tehnikipun modern malah anambahi risaking mudha-mudhi, lajeng dados pewaris (generasi enggal) ingkang boten ambangun masyarakat, ananging malah dados klilip (bakteri) masyarakat, lan damel risak saking nglebet. Kerisakan masyarakat saking nglebet wau lajeng gathuk kaliyan karisakan saking mengsah, saking njawi rangkah (subversi utawi penetrasi kabudayan Asing). Dados karisakanipun masyarakat boten namung kawon perang lan dipun jajah, ananging risak dening pokal lan anak (generasi) kita piyambak punika satunggaling kagagalan lan karisakan total ingkang anggegirisi sanget, boten dumugi manah kula angontho-ontho kados pundi karisakan utawi kegagalan wau.

Sumonggo para sutrisno samia sesarengan anindakaken syari'at Agami Islam ingkang saestu, sarta 'amalaken Pancasila ingkang saestu, Insya Allah, adil lan makmur ingkang dados ancas tujuan kita sami, saged kalaksanan sarana Pitulunganipun Pangeran Allah SWT.

115. Apa sira padha ngira yen nggoningSun nitahake sira kabeh iku mung dedolanan, lan apa sira ora ngira yen ora bakal padha disowanake marang ngarsanIngsun?". 686)

١١٥- أَفَحَسِبْتُمْ أَنَّمَا خَلَقْنَاكُمْ عَبَثًا وَّأَنَّكُمْ إِلَيْنَا لَا تُرْجَعُونَ ٥

Afahasibtum annamaa khalaqnaakum 'abatsaw wa annakum ilainaa laa turja'uun.

116. Mula Allah Ratu kang Khaq (sejati) Maha Luhur. Ora ana pepundhen kang wajib sinembah, kajaba mung PanjenengaNe, Pangeraning 'Arsy kang mulya.

١١٦- فَتَعَٰلَى ٱللَّهُ ٱلْمَلِكُ ٱلْحَقُّ ۖ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ رَبُّ ٱلْعَرْشِ ٱلْكَرِيمِ ٥

Fata'aalallaahul maliku! haqq, laa ilaaha illaa huwa, rabbul 'arsyil kariim.

117. Dene sapa kang nenuwun marang Allah mangro nenuwun ing pepundhen liya, kang dheweke pancen ora duwe keterangan (gegaran), sanyata paniti priksane, ana ing ngarsaning Pangerane. Sayekti para wong kafir iku ora bakal padha begja.

١١٧- وَمَن يَدْعُ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ لَا بُرْهَٰنَ لَهُۥ بِهِۦ فَإِنَّمَا حِسَابُهُۥ عِندَ رَبِّهِۦٓ ۚ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلْكَٰفِرُونَ ٥

Wamay yad'u ma'allaahi ilaahan aakhar, laa burhaana lahuu bihii fa-innamaa hisaabuhuu 'inda rabbih, innahuu laa yuflihul kaafiruun.

118. Lan matura: "Dhuh Pangeran kula! Mugi Paduka ngapuntena lan ngesihana! Paduka punika langkung sae-saenipun Dzat ingkang Maha Welas lan Asih.

***)

ع ٦ ١١٨- وَقُل رَّبِّ ٱغْفِرْ وَٱرْحَمْ وَأَنتَ خَيْرُ ٱلرَّٰحِمِينَ ٥

Waqur rabbighfir warham wa anta khairur raahimiin.

---

686). Dene ayat 112 - 115 suraosipun: sampun kasengsem Kadonyan kemawon, dumeh kasembadan samudayanipun lajeng kesupen dhateng Tiyang sepuh, kesupen dhateng Tanah Wutah Rah, lan kasupen dhateng Agaminipun piyambak! Eman!

***). Katerangan wigatos ingkang adhedhasar comperative study utawi nyinau analisa tandhingan antawisipun surat Al Mu'minun kaliyan surat An Nuur, kados kasebat ing ngandhap punika:

1. Wonten ing surat Al-Mu'minun Gusti Allah anerangaken bilih Panjenenganipun anitahaken 'Alam/Jagat Raya punika kathah sanget hikmahipun, ing antawisipun supados para manungsa samiya andherek sadaya dhawuhipun, sarta samiya nilar samukawis pepacuhipun, dene wonten ing surat An Nuur paprincenipun dhawuh lan pepacuh dipun jlentrehaken tharik-tharik.
2. Ing wiwitan surat Al Mu'minun anerangaken salah satunggaling sifatipun tiyang Mu'min, upami anggenipun anjagi ing kawiranganipun (farji), dene wonten ing wiwitanipun surat An Nuur dhawuhing Allah anetepaken pidana hukum dhumateng tiyang boten saged anjagi ing kawiranganipun. Lan katerangan ingkang magepokan sesrawunganing jaler lan estri; upami wara zina lan wira zina, kedah anjagi mripat sampun njinggleng mandeng manawi sumerap estri ngasanes, sarta dhawuh supados: ingkang dereng kiyat rabi kedah saged kiyat anjagi mental lan raganipun sampun ngantos dhumawah anerjang awisaning Agami lan kasusilaning bebrayan!

AN NUR (CAHYA)

Surat kaping 24 : 64 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, 64 ayat.
Tumurun sawuse surat Al Hasyr.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Hukume zina.

1. Iki sawijining surat kang wus Ingsun turunake, lan Ingsun wus majibake ana ing kono, tumindake hukum halal lan haram, lan Ingsun wus nurunake ana ing kono pirang-pirang Ayat kang cetha, supaya sira kabeh tansah padha gelem ngeling-eling.

١ ۝ سُوْرَةٌ اَنْزَلْنٰهَا وَفَرَضْنٰهَا وَاَنْزَلْنَا فِيْهَآ اٰيٰتٍۢ بَيِّنٰتٍ لَّعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ ۝

Suuratun anzalnaahaa wa faradhnaahaa wa anzalnaa fiihaa aayaatim bayyinaa-til la'allakum tadzakkaruun.

2. Wong wadon lan wong lanang kang zina iku, hukume kudu sira jilid (gebug) siji-sijine kaping satus gebugan, lan sira aja duwe rasa idhep welas marang sakalorone anggone nindakake pranataning Allah, manawa sira pancen percaya marang Allah lan dina Akhir. Lan nalika ngukum sakarone iku supaya disekseni dening sagolongane wong-wong Mu'min.

٢ ۝ اَلزَّانِيَةُ وَالزَّانِيْ فَاجْلِدُوْا كُلَّ وَاحِدٍ مِّنْهُمَا مِائَةَ جَلْدَةٍ ۖ وَّلَا تَاْخُذْكُمْ بِهِمَا رَاْفَةٌ فِيْ دِيْنِ اللّٰهِ اِنْ كُنْتُمْ تُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ ۚ وَلْيَشْهَدْ عَذَابَهُمَا طَآئِفَةٌ مِّنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Azzaaniyatu wazzaanii fajliduu kulla waahidim minhumaa mi-ata jaldah, walaa ta'khudzkum bihimaa ra'fatun fii diinil-laahi in kuntum tu'minuuna billaahi wal-yaumil aakhir, wal yasyhad 'adzaaba-humaa thaa-ifatum minal mu'miniin.

3. Wong lanang kang zina iku ora patut rabi, kajaba karo wong wadon kang zina utawa wong wadon kang musyrik, lan wong wadon kang zina iku ora patut dirabeni, kajaba dening wong lanang kang zina utawa

٣ ۝ اَلزَّانِيْ لَا يَنْكِحُ اِلَّا زَانِيَةً اَوْ مُشْرِكَةً ۖ وَّالزَّانِيَةُ لَا يَنْكِحُهَآ اِلَّا زَانٍ اَوْ مُشْرِكٌ ۚ وَحُرِّمَ ذٰلِكَ عَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ ۝

wòng lanang kang musyrik. Lan zina sarta ngrabi wong wadon pelanyahan (wanita tuna susila) iku diharamake tumrap wong-wong Mu'min. 687)

Azzaanii laa tankihuhaa illaa zaaniyatan au musyrikataw wazzaaniyatu laa yankihuhaa illaa zaanin au musyrikun wa hurrima dzaalika 'alal mu'miniin.

Hukume andakwa wong wadon Islam zina.

4. Lan wong-wong kang andakwa zina marang wong-wong wadon Islam kang direksa (becik-becik) 688) banjur ora bisa nekakake saksi papat, wong-wong mau gebugen kaping wolung puluh, lan salawase aja sira tampa dadi saksi lan dheweke iku klebu wong-wong kang fasik.

٤ - وَالَّذِيْنَ يَرْمُوْنَ الْمُحْصَنٰتِ ثُمَّ لَمْ يَأْتُوْا بِاَرْبَعَةِ
شُهَدَآءَ فَاجْلِدُوْهُمْ ثَمٰنِيْنَ جَلْدَةً وَّلَا تَقْبَلُوْا
لَهُمْ شَهَادَةً اَبَدًا ۚ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ ۙ

Walladziina yarmuunal muhshanaati tsumma lam ya'tuu bi-arba'ati syuhadaa-a fajliduuhum tsamaaniina jaldataw wa laa taqbaluu lahum syahaadatan abadaa, wa ulaa-ika humul faasiquun.

5. Kajaba kang padha gelem tobat sawise nindakake mangkono mau, lan padha gelem agawe becik, awit sanyata Allah iku kang Maha Ngapura, Maha Asih.

٥ - اِلَّا الَّذِيْنَ تَابُوْا مِنْ بَعْدِ ذٰلِكَ وَاَصْلَحُوْا فَاِنَّ اللّٰهَ
غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Illal ladziina taabuu mim ba'di dzaalika wa ashlahuu, fa-innallaaha ghafuurur rahiim.

Hukume li'an

6. Lan wong-wong kang andakwa marang bojone tumindak zina, lan dheweke ora bisa nekakake saksi kajaba awake dhewe, mangka paseksene salah sijine wong-wong iku yaiku sumpah kaping papat sarana angucapake sumpah: Dhemi Allah, yen satemene dheweke iku golongane wong-wong kang bener. 689)

٦ - وَالَّذِيْنَ يَرْمُوْنَ اَزْوَاجَهُمْ وَلَمْ يَكُنْ لَّهُمْ شُهَدَآءُ
اِلَّآ اَنْفُسُهُمْ فَشَهَادَةُ اَحَدِهِمْ اَرْبَعُ شَهٰدٰتٍۢ
بِاللّٰهِ ۙ اِنَّهٗ لَمِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۝

Walladziina yarmuuna azwaajahum walam yakul lahum syuhadaa-u illaa anfusahum fasyahaadatu ahadihim arba'u syahaadatim billaahi innahuu laminash shaadiqiin.

---

687). **Wosipun tiyang Mu'min haram tur boten pantes nikah angsal tiyang estri zina (wanita tuna susila), utawi tiyang Mu'minat (tiyang estri iman) dipun nikahi tiyang jaler zina (priya tuna susila) punika inggih haram lan boten pantes!**

688). **Dene ingkang dipun maksud tiyang estri ingkang kareksa utawi wanita utama tur sae-sae, punika wanita ingkang tus suci, 'akil baliq sarta Muslimah (tiyang Islam).**

689). **Ing Pengadilan Agama kadhang kala wonten kadadosan hukum Li'an; inggih punika kados kasebat ing ayat 6 lan 7 anelakaken bilih tiyang jaler andakwa zina dhateng estrinipun sarana boten andhatengaken saksi sakawan, piyambakipun wajib sumpah sarana Asma Allah kaping sekawan, bilih piyambakipun ingkang leres wonten pandakwa punika. Lajeng sumpah sapisan malih, bilih manawi piyambakipun goroh, badhe kenging la'nating Allah.**

Dene manawi ingkang estri (simahipun tiyang jaler wau) rumaos boten zina, saged dakwa kasebat dipun tolak sarana sumpah syahadat kaping sekawan, lan sumpah sapisan malih, bilih manawi simahipun (tiyang jaler) punika ingkang leres, ingkang estri badhe kenging la'nating Allah, makaten kasebat ing ayat 8 lan 9.

7. Lan sumpah kang kaping limane ditambah ucapan: Yen satemene la'nate Allah tetep marang dheweke yen nganti dheweke iku dadi golongane wong-wong kang goroh.

٧ - وَالْخَامِسَةُ اَنَّ لَعْنَتَ اللّٰهِ عَلَيْهِ اِنْ كَانَ مِنَ الْكٰذِبِيْنَ ٥

Wal khaamisatu anna la'natallaahi 'alaihi in kaana minal kaadzibiin.

8. Lan hukuman siksa iku bisa ditulak dening wong wadon kang didakwa zina kalawan Syahadat kaping papat, sarta sumpah: Dhemi Allah yen satemene bojone iku mesthi golongane wong kang padha goroh.

٨ - وَيَدْرَؤُا عَنْهَا الْعَذَابَ اَنْ تَشْهَدَ اَرْبَعَ شَهٰدٰتٍ بِاللّٰهِ ۙ اِنَّهٗ لَمِنَ الْكٰذِبِيْنَ ۙ ٥

Wa yadra-uu 'anhal 'adzaaba an tasyhada arba'a syahaadaatim billaah, innahuu laminal kaadzibiin.

9. Lan sumpah kang kaping limane ditambah ucapan: Satemene bebendoning Allah tumrap dheweke kang wadon, manawa kang lanang iku golongane wong kang temen pandakwane.

٩ - وَالْخَامِسَةَ اَنَّ غَضَبَ اللّٰهِ عَلَيْهَآ اِنْ كَانَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ٥

Wal khaamisata anna ghadhaballaahi 'alaihaa in kaana minash shaadiqiin.

10. Lan saupama ora ana kanugrahan lan rahmating Allah marang sira, yekti sira kapatrapan siksa, tujune Allah iku Karsa nampa tobat tur Maha Wicaksana.

١٠ - وَلَوْلَا فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهٗ وَاَنَّ اللّٰهَ تَوَّابٌ حَكِيْمٌ ٥

Wa laulaa fadhlullaahi 'alaikum wa rahmatuhuu wa annallaaha tawwaabun hakiim.

Ummul Mu'minin 'Aisyah r.a. kena pandakwa goroh (fitnah).

11. Sanyata wong-wong kang teka anggawa pawarta goroh iku uga saka golonganira, ananging pawarta kang disebarake dening wong-wong iku (munafiqin) aja kok kira ala tumrap sira, nanging iku malah becik mungguhing sira. Siji-sijine wong saka dheweke mesthi tampa piwales marga dosane kang wus padha dilakoni. Dene sing nyangga dosa kang gedhe, yaiku kang luwih dhisik andakwa Siti 'Aisyah (garwane Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.) laku zina, saka golongane wong-wong mau, yekti bakal kapatrapan siksa kang abot. 690)

١١ - اِنَّ الَّذِيْنَ جَآءُوْ بِالْاِفْكِ عُصْبَةٌ مِّنْكُمْ ۭ لَا تَحْسَبُوْهُ شَرًّا لَّكُمْ ۭ بَلْ هُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۭ لِكُلِّ امْرِئٍ مِّنْهُمْ مَّا اكْتَسَبَ مِنَ الْاِثْمِ ۚ وَالَّذِيْ تَوَلّٰى كِبْرَهٗ مِنْهُمْ لَهٗ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ٥

Innal ladziina jaa-uu bil ifki 'ushbatum minkum, laa tahsabuuhu syarral lakum bal huwa khairul lakum, likullim ri-im minhum maktasaba minal itsmi wal-ladzii tawallaa kibrahuu minhum lahuu 'adzaabun 'azhiim.

690). Wonten ing Kitab Shahih Bukhari ingkang anyariosaken kabar dora utawi Hadiitsul Ifki punika wonten gangsal Hadist Shahih. Dene fitnah kabar-dora punika ngengingi Ummul Mu'minin garwanipun Rasulullah s.a.w. 'Aisyah r.a. Kadadosan punika sabakdanipun perang kaliyan

12. Kena apa nalika sira krungu panyana goroh iku, sira wong-wong lanang lan wadon kang Mu'min: ora nyana becik marang sadulure, lan kok ora dikandhakake marang wong-wong akeh, yen panyana iku goroh kang cetha?

١٢ - لَوْلَآ إِذْ سَمِعْتُمُوهُ ظَنَّ ٱلْمُؤْمِنُونَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتُ بِأَنفُسِهِمْ خَيْرًا وَقَالُوا۟ هَٰذَآ إِفْكٌ مُّبِينٌ ۝

Laulaa idz sami'tumuuhu zhannal mu'minuuna wal mu'minaatu bi-anfusihim khairaw wa qaaluu haadzaa ifkum mubiin.

13. Jalaran apa wong-wong iku teka ora anggawa saksi papat kanggo ambenerake pandakwane? Mangka manawa wong-wong mau ora bisa nekakake saksi iku, yekti wong-wong iku ana ing ngarsane Allah, tetep padha goroh.

١٣ - لَّوْلَا جَآءُو عَلَيْهِ بِأَرْبَعَةِ شُهَدَآءَ ۚ فَإِذْ لَمْ يَأْتُوا۟ بِٱلشُّهَدَآءِ فَأُو۟لَٰٓئِكَ عِندَ ٱللَّهِ هُمُ ٱلْكَٰذِبُونَ ۝

Laulaa jaa-uu 'alaihi bi-arba'ati syuhadaa', fa-idz lam ya'tuu bisysyuhadaa-i fa-ulaa-ika 'indallaahi humul kaadzibuun.

14. Lan saupama ora ana kanugrahan lan rahmating Allah maarng sira ana ing Donya lan Akherat, yekti anggonira nyebar-nyebar panyana goroh iku bakal kapatrapan siksa kang abot banget.

١٤ - وَلَوْلَا فَضْلُ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُۥ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ لَمَسَّكُمْ فِى مَآ أَفَضْتُمْ فِيهِ عَذَابٌ عَظِيمٌ ۝

Wa laulaa fadhlullaahi 'alaikum wa rahmatuhuu fiddun-yaa wal aakhirati lamassakum fii maa afadh-tum fiihi 'adzaabun 'azhiim.

15. Nalika sawenehira nyritakake panyana iku marang kancane, lan sira padha ngandhakake kalawan lesanira ing perkara kang sira ora padha mangerti kang sabener-benere, sarta bab iku padha sira anggep gampang, ing mangka mungguhing Allah perkara iku gedhe dosane.

١٥ - إِذْ تَلَقَّوْنَهُۥ بِأَلْسِنَتِكُمْ وَتَقُولُونَ بِأَفْوَٰهِكُم مَّا لَيْسَ لَكُم بِهِۦ عِلْمٌ وَتَحْسَبُونَهُۥ هَيِّنًا وَهُوَ عِندَ ٱللَّهِ عَظِيمٌ ۝

Bani Mushthaliq ing wulan Sya'ban tahun 5 Hijrah. Wadyabala kaum Muslimin kasusupan dening titiyang munafik (ingkang boten kenging pinitados), ugi andherek garwanipun Kanjeng Nabi s.a.w. 'Aisyah r.a. ingkang tampi undhian lelados ing kakung saking para garwa sanesipun. Wonten satengahing margi, kundur saking palagan peperangan, para untan-untan wadyabala sami masanggrah istirahat ing satunggaling panggenan 'Aisyah medal saking sekedhupipun unta jalaran wonten kaperluan, lajeng wangsul. Dumadakan piyambakipun kraos rumaos kalungipun ical, lajeng tindak madosi. Sadangunipun makaten, bergada wadyabala bidhal kalayan nginten bilih garwa Rasulullah 'Aisyah taksih wonten ing nglebet sekedhupipun. Sareng 'Aisyah mangertos bilih sekedhup untanipun sampun bidhal, piyambakipun lenggah ing panggenan mriku, sarta ngajeng-ajeng sekedhupipun badhe wangsul methuk malih. Kapinujon, langkung ing panggenan mriku Sekabat Nabi, asmanipun **Shafwan bin Mu'aththal**, ing ngriku manggih wonten tiyang nembe tilem piyambakan, lan piyambakipun kaget kalayan nyebat: **"Inna lillahi wa inna ilaihi raaji'uun"**. 'Aisyah wungu. Lajeng dipun aturi dening Shofwan ibnu Mu'aththal supados nitih untanipun. Shafwan mlampah kalayan nuntun unta ngantos mlebet dumugi kitha Madinah. Tiyang-tiyang kathah ingkang sumerap sami gineman pating klesik miturut pamanggihipun piyambak-piyambak. Inggih wiwit wekdal punika sumebar slenthing-slenthing.
Tumunten titiyang munafik ngageng-ngagengaken, pramila latu gramaning fitnah ingkang dipun alamataken dhateng 'Aisyah wau lajeng mak bel murub makantar-kantar, saya dangu tambah-tambah wiyar, ngantos nukulaken gendra fitnah ageng ing masyarakat tiyang Islam wekdal samanten!" (Makaten Shahih Bukhori).

Idz talaqqau nahuu bi-alsinatikum wa taquuluuna bi-afwaahikum maa laisa lakum bihii 'ilmuw wa tahsabuunahuu hayyinaa, wa huwa 'indallaahi 'azhiim.

16. Kena apa nalika sira kabeh krungu panyana goroh iku kok ora ngucap: "Ora patut banget aku kabeh nyaritakake panyana goroh iku. Maha Suci Paduka Allah, yekti iku goroh kang gedhe temenan dosane".

١٦- وَلَوْلَآ إِذْ سَمِعْتُمُوهُ قُلْتُم مَّا يَكُونُ لَنَآ أَن نَّتَكَلَّمَ بِهَٰذَا سُبْحَٰنَكَ هَٰذَا بُهْتَٰنٌ عَظِيمٌ ۝

Wa laulaa idz sami'tumuuhu oultum maa yakuunu lanaa an natakallama bihaadzaa, subhaanaka haadzaa buhtaanun 'azhiim.

17. Allah paring pitutur marang sira kabeh, supaya sira kabeh salawase aja mbaleni maneh marang dosa kang kaya panyana goroh iku, manawa sira pancen padha iman.

١٧- يَعِظُكُمُ ٱللَّهُ أَن تَعُودُوا۟ لِمِثْلِهِۦٓ أَبَدًا إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Ya'izhukumullaahu an ta'uuduu limitslihii abadan in kuntum mu'miniin.

18. Lan Allah anerangake ayat-ayat iku marang sira, lan Allah iku kang Maha Wuninga lan Maha Wicaksana.

١٨- وَيُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلْءَايَٰتِ ۚ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ۝

Wa yubayyinullaahu lakumul aayaat, wallaahu 'aliimun hakiim.

19. Sanyatane wong-wong kang dhemen nyebarake perkara ala ana ing kalangane wong-wong Mu'min iku, yekti dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang lara ana ing Donya lan Akherat, lan Allah iku Nguningani, dene sira kabeh ora padha ngerti.

١٩- إِنَّ ٱلَّذِينَ يُحِبُّونَ أَن تَشِيعَ ٱلْفَٰحِشَةُ فِى ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ ۚ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ۝

Innal ladziina yuhibbuuna an tasyii'al faahisyatu filladziina aamanuu lahum 'adzaabun aliimun fiddun-yaa wal aakhirah, wallaahu ya'lamu wa antum laa ta'lamuun.

20. Saupama ora ana kanugrahan lan rahmate Allah marang sira, yekti PanjenengaNe Allah enggal nurunake siksa. Nanging satemene Allah iku kang Maha Ngapura tur Welas Asih.

٢٠- وَلَوْلَا فَضْلُ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُۥ وَأَنَّ ٱللَّهَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ۝

Wa laulaa fadhlullaahi 'alaikum wa rahmatuhuu wa annallaaha ra-uufur rahiim.

٢١. يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَتَّبِعُوْا خُطُوٰتِ الشَّيْطٰنِ ۗ وَمَنْ يَّتَّبِعْ خُطُوٰتِ الشَّيْطٰنِ فَاِنَّهٗ يَاْمُرُ بِالْفَحْشَآءِ وَالْمُنْكَرِ ۗ وَلَوْلَا فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهٗ مَا زَكٰى مِنْكُمْ مِّنْ اَحَدٍ اَبَدًا ۙ وَّلٰكِنَّ اللّٰهَ يُزَكِّيْ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

21. He wong-wong kang padha Mu'min! Sira aja manut langkah lakune syetan, jalaran sing sapa manut langkah lakune syetan, satemene syetan iku printah marang laku jember lan laku ala. Lan saupama ora ana kanugrahan lan rahmate Allah marang sira, mesthi salawase uga ora ana wong siji-sijia saka sira kabeh kang suci saka dosa, ananging Allah nucekake sapa bae wong kang dadi keparenging karsaNe, lan Allah iku kang Midhanget tur Ngudaneni.

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattabi'uu khuthuwaatisy syaithaan, wamay yattabi' khuthuwaatisy syaithaani fainnahuu ya'muru bil fakhsyaa-i wal munkar, wa laulaa fadhlullaahi 'alaikum wa rahmatuhuu maa zakaa minkum min ahadin abadaa, walaakinnallaaha yuzakkii may yasyaa', wallaahu samii'un 'aliim.

٢٢. وَلَا يَاْتَلِ اُولُوا الْفَضْلِ مِنْكُمْ وَالسَّعَةِ اَنْ يُّؤْتُوْٓا اُولِى الْقُرْبٰى وَالْمَسٰكِيْنَ وَالْمُهٰجِرِيْنَ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۖ وَلْيَعْفُوْا وَلْيَصْفَحُوْا ۗ اَلَا تُحِبُّوْنَ اَنْ يَّغْفِرَ اللّٰهُ لَكُمْ ۗ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

22. Lan wong kang anduweni kaluwihan sarta kajembaran rezeki yaiku sugih, aja sumpah, yen dheweke ora arep weweh marang sanak sadulure wong-wong miskin lan wong-wong kang pindhah (hijrah) karana nglabuhi Agamaning Allah, lan wong-wong mau kudu ngapura sarta kudu lila legawa.[691] Apa sira kabeh ora dhemen manawa Allah ngapura marang sira? Lan Allah iku Maha Ngapura tur Welas Asih.

Walaa ya'tali ulul fadhli minkum wassa'ati ay yu'tuu ulil qurbaa wal masaakiina wal muhaajiriina fii sabiilillaah, Walya'fuu wal yashfahuu, alaa tuhibbuuna ay yaghfirallaahu lakum, wallaahu ghafuurur rahiim.

٢٣. اِنَّ الَّذِيْنَ يَرْمُوْنَ الْمُحْصَنٰتِ الْغٰفِلٰتِ الْمُؤْمِنٰتِ لُعِنُوْا فِى الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ

23. Satemene wong-wong kang andakwa zina marang wong-wong wadon kang direksa (kang becik-becik), kang nyingkur saka laku ala[692] tur padha iman; temen wong-wong

691). Asbaabun nuzul utawi sabab musababipun Ayat 22 punika tumurun, larah-larahipun makaten: . . . . . sintena tiyang boten tumut kabesmen ing manah, kagungan putra putri dhasar pinter lan merak ati, tur dados garwanipun Kanjeng Nabi s.a.w. teka dipun kabar-kabaraken pating slenthing ing masyarakat bebrayan, bilih Ummul Mu'minin (yen jaman sapunika First lady utawi Ibu-Negara) 'Aisyah r.a. tumindak makaten, makaten . . . . ! Pramila Sayyidina Abu Bakar Ashshiddiq r.a. ramanipun 'Aisyah duka lan sumpah-sumpah boten purun malih nyukani dana dhateng fakir-miskin utawi pamili ingkang tumut-tumut nyiaraken kabar-dora wau. Gusti Allah lajeng dhawuh lumantar wahyu, supados manahipun Sekabat Abu Bakar r.a. lerem lan lestantun ber budi bawa leksana, lega-lila paring pangapunten dhateng titiyang bodho wau ingkang sabab tumindakipun nyebaraken kabar-dora sampun dipun hukum samesthinipun, pramila supados lajeng katututana dipun apunten lahir batos, perlunipun supados wangsul sae lan badhe dados mitra ingkang sepeket sinara wedi ing kalangan ummat Islam!

692). Nyingkur saking lampah awon, maksudipun gadhah angen-angen badhe tumindak awon kemawon: boten. Dados gadhah niat awon kemawon boten, punapa malih sanes-sanesipun; tambah boten!

kang andakwa iku dila'nati ana ing Donya lan Akherat, lan kapatrapan siksa kang abot.

عَظِيمٌ ۝

Innal ladziina yarmuunal muhshanaatil ghaafilaatil mu'miaati lu'inuu fiddun-yaa wal aakhirati walahum 'adzaabun 'azhiim

24. Yaiku ana ing dina Qiyamat lesan-lesane lan tangan-tangane sarta sikil-sikile, nekseni marang dheweke prakara dosa kang wus padha dilakoni.

٢٤. يَوْمَ تَشْهَدُ عَلَيْهِمْ أَلْسِنَتُهُمْ وَأَيْدِيهِمْ وَأَرْجُلُهُم بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Yauma tasyhadu 'alaihim alsinatuhum wa aidiihim wa arjuluhum bimaa kaanuu ya'maluun.

25. Ana ing dina iku, Allah bakal nuhoni janjine netepi Agamane (piwalese) kang bener marang dheweke, lan dheweke mau bakal padha sumurup, yen Allah iku pancen Pangeran kang Hak tur Nyata. Yaiku kang paring Katerangan miturut hakekat sabenere.

٢٥. يَوْمَئِذٍ يُوَفِّيهِمُ اللَّهُ دِينَهُمُ الْحَقَّ وَيَعْلَمُونَ أَنَّ اللَّهَ هُوَ الْحَقُّ الْمُبِينُ ۝

Yauma-idziy yuwaffiihimul-laahu diinahumul haqqa wa ya'lamuuna annallaaha huwal haqqul mubiin.

26. Wong-wong wadon kang ala iku patute mung kanggo wong lanang kang ala, wong-wong lanang kang ala iku patute hiya mung kanggo wong-wong wadon kang ala. Lan wong-wong wadon kang becik iku patute mung kanggo wong-wong lanang kang becik, wong-wong lanang kang becik iku patute hiya mung kanggo wong-wong wadon kang becik. Wong-wong mau (Siti 'Aisyah lan Shafwan) iku resik saka pandakwa goroh kang padha diucapake dening wong-wong mau. Dheweke entuk pangapura lan pinaringan rezeqi kang mulya.[693]

٢٦. الْخَبِيثَاتُ لِلْخَبِيثِينَ وَالْخَبِيثُونَ لِلْخَبِيثَاتِ ۚ وَالطَّيِّبَاتُ لِلطَّيِّبِينَ وَالطَّيِّبُونَ لِلطَّيِّبَاتِ ۚ أُولَٰئِكَ مُبَرَّءُونَ مِمَّا يَقُولُونَ ۖ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ۝ ع ٣

Alkhaabitsaatu lilkhaabitsiina wal khaabitsuuna lilkhaabitsaat, waththayyibaatu liththayyibiina waththayyibuuna liththayyibaat, ulaa-ika mubarra-uuna mimmaa yaquuluun, lahum maghfiratuw wa rizqun kariim.

Tata krama mlebu omahing liyan.

27. He wong-wong kang padha iman! Sira aja mlebu ing omah kang dudu omahira, kajaba yen sira wus anjaluk idzin lan uluk salam marang ahline! Kang kaya mangkono iku luwih becik tumrap sira, supaya sira padha ngeling-eling (ngestokna)!

٢٧. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَدْخُلُوا بُيُوتًا غَيْرَ بُيُوتِكُمْ حَتَّىٰ تَسْتَأْنِسُوا وَتُسَلِّمُوا عَلَىٰ أَهْلِهَا ۖ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ۝

693). Dhawuhing Ayat punika nelakaken bilih 'Aisyah r.a. lan Sekabat Shafwan r.a. punika tiyang ingkang resik, bares lan beres! Resik saking pandakwa-dora, sarta ambuktekaken bilih tiyang wetah, tetep murni sarta konsekwen punika ingkang badhe sukses! Rasulullah s.a.w. punika tiyang ingkang sae piyambak, pramila pantes bilih garwanipun ugi wanita utama ingkang sae, saking trahipun tiyang sae-sae! Kados ingkang dipun maksud ing Ayat punika!

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tadkhuluu buyuutan ghaira buyuutikum hattaa tasta'nisuu wa tusallimuu 'alaa ahlihaa, dzaalikum khairul lakum la'allakum tadzakkaruun.

28. Dene manawa ing ngomah mau, sira ora ketemu sawijining wong, iku aja padha kok leboni, kajaba yen wus dililani tumraping sira. Dene manawa sira padha diwangsuli: Becik padha baliya! Hiya padha baliya! Mangkono mau luwih prayoga mungguhing sira kabeh. Dene Allah iku kang Ngawuningani apa wae kang padha kok tindakake. 694)

٢٨- فَإِنْ لَّمْ تَجِدُوْا فِيْهَآ أَحَدًا فَلَا تَدْخُلُوْهَا حَتّٰى يُؤْذَنَ لَكُمْ ۚ وَإِنْ قِيْلَ لَكُمُ ارْجِعُوْا فَارْجِعُوْا هُوَ أَزْكٰى لَكُمْ ۚ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ عَلِيْمٌ ۝

Fa-illam taiiduu fiihaa ahadan falaa tadkhuluuhaa hattaa yu'dzana lakum, wa-in qiila lakumurji'uu farji'uu huwa azkaalakum, wallaahu bimaa ta'maluuna 'aliim

29. Ora ana pakewuhe tumraping sira arep padha mlebu ngomah kang ora dienggoni, kang ing kono ana bandhanira kang sira padha bisa oleh manfa'at. Dene Allah iku Ngawuningani sabarang kang padha kok edhengake lan kang padha kok singidake. 695)

٢٩- لَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَنْ تَدْخُلُوْا بُيُوْتًا غَيْرَ مَسْكُوْنَةٍ فِيْهَا مَتَاعٌ لَّكُمْ ۚ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ مَا تُبْدُوْنَ وَمَا تَكْتُمُوْنَ ۝

Laisa 'alaikum junaahun an tadkhuluu buyuutan ghaira maskuunatin fiihaa mataa'ul lakum, wallaahu ya'lamu maa tubduuna wamaa taktumuun.

Tatanan pasrawungan kang bares lan becik antarane priya lan wanita.

30. Dhawuha sira Muhammad marang wong-wong lanang kang iman : "Supaya padha ngeremna paningale (aja plirak-plirik)

٣٠- قُلْ لِّلْمُؤْمِنِيْنَ يَغُضُّوْا مِنْ أَبْصَارِهِمْ وَيَحْفَظُوْا فُرُوْجَهُمْ ۚ ذٰلِكَ أَزْكٰى لَهُمْ ۚ إِنَّ اللّٰهَ خَبِيْرٌ بِمَا يَصْنَعُوْنَ ۝

694). Tata krami utawi ethic wonten bebrayan sanaosa namung perkawis lumebet griya, wonten syare'at Islam, dipun pernata ingkang sasae-saenipun, adhedhasar murih sami dene dipun tindakaken. Malah wonten ing panggula wenthahing dhidhikan wiwit lare ing Taman Kanak-Kanak utawi ing ke Pramuka-an, uluk salam badhe mlebet griyanipun piyambak, mlebet Sekolahan, mlebet Langgar lan mlebet Mesjid, sarta mlebet kantor Pemerintah lan sapanunggilanipun punika penting sanget dipun lestantunaken uluk salam. Makaten suraosing ayat no. 27 - no. 28. Para sutrisna, kathah sanget para pinisepuh sami prihatos kados pundi unggah-ungguhing para Mudha-Mudhi ing zaman tehnologi-modern punika sami kirang dipun prihatosaken, upami badhe langkung ing ngajengipun tiyang sepuh, unyluk-unyluk tanpa mendhak, katingal pating delajig. Ing mangka manawi para Ibu lan Bapak, sarta Guru kersa, sarana arif lan simpatik, kersa anggegulang nyontoni ingkang praktis, tamtu para Mudha-Mudhi badhe purun nindakaken. Makaten ugi para nem-neman sami tamu-mertamu wonten dalemipun mitra lan tangga tepalih sapiturutipun, punika prayogi sanget wonten ing gerakan Ibu-Ibu ing PKK (Pendidikan Kesejahteraan Keluarga) ing Kampung lan Dhusun-Dhusun, kadangkala dipun pentasaken contoh tuladhanipun pergaulan sasami nem-neman, kakung miwah putri (langkung-langkung wanita kedah langkung prigel lan merak ati) supados angrembakakaken Kabudayan kita Indonesia piyambak **saking falsafah Pancasila, lan dipun kiyataken dening piwucal syare'ating Allah SWT.** Sampun ngantos ing mangkenipun manawi Negari kita majeng ekonomi, tehnik lan modern, sarta makmur, ananging kasusilan kita risak dening kesusupan kabudayan sanes ingkang cengkah kaliyan falsafah kita lan geseh kaliyan Agami kita. Badhe kadospundi ngeres lan nalangsa kita sadaya, pakewet kula ngaturaken! Sabab bangsa Indonesia boten gadhah cita-cita ambangun Masyarakat sekuler (masyarakat tanpa Agami), nanging Masyarakat Pancasila!

695). Dene griya ingkang boten dipunenggeni lan wonten ing riku kita saged pikantuk manfa'at, punika karsanipun griya w a k a f ingkang kasedhiyakaken kangge ngakathah, kadosta Mesjid, Langgar, Balai Pertemuan, Perpustakaan sasamenipun. Ewa dene manawi badhe lumebet, inggih prayogi mawi uluk salam (Assalamu'alaikum w.w.!)

lan padha anjagaa farjine (kawirangane). Mangkono iku luwih becik utawa resik banget tumrap dheweke, dene Allah iku kang Waspada apa bae kang padha ditindakake.

Qul lilmu'miniina yaghudhdhuu min abshaarihim wa yahfazhuu furuujahum, dzaalika azkaa lahum, innallaaha khabiirum bimaa yashna'uun.

31. Lan dhawuha sira Muhammad marang para wong wadon kang iman: Dheweke supaya padha ngekera paningale lan supaya ngreksa farjine (kawirangane), lan aja padha ngetokake pepaese kang katon (njaba), lan supaya padha anglembrehna makenane (kudhunge) menyang dhadhane. Lan aja padha ngetokake pepaese mau, kajaba marang bojone utawa Bapakne, utawa Bapakne bojone, utawa anak-anake lanang, utawa anak-anake lanang bojone, utawa sadulur-sadulure lanang, utawa anak-anake lanang sadulur lanang, utawa anak-anake lanang sedulure wadon, utawa marang para wong wadon utawa bature tukon, utawa batur lanang tuwa kang padha andherekake kang wus ora padha anduweni hajat marang wong wadon, utawa bocah kang durung bisa ngantha-antha marang 'urate (farjine) para wong wadon. Lan wong Mu'min wadon mau aja padha anggedrug-anggedrugake sikile, kang perlune, supaya kinaweruhan pepaese kang katutupan. Lan sira kabeh wae padha tobata marang Allah, he, para wong Mu'min! supaya sira padha begja!

٣١ . وَقُل لِّلْمُؤْمِنٰتِ يَغْضُضْنَ مِنْ أَبْصَارِهِنَّ وَيَحْفَظْنَ
فُرُوجَهُنَّ وَلَا يُبْدِينَ زِينَتَهُنَّ إِلَّا مَا ظَهَرَ مِنْهَا
وَلْيَضْرِبْنَ بِخُمُرِهِنَّ عَلٰى جُيُوبِهِنَّ ۖ وَلَا يُبْدِينَ
زِينَتَهُنَّ إِلَّا لِبُعُولَتِهِنَّ أَوْ آبَائِهِنَّ أَوْ آبَاءِ بُعُولَتِهِنَّ
أَوْ أَبْنَائِهِنَّ أَوْ أَبْنَاءِ بُعُولَتِهِنَّ أَوْ إِخْوَانِهِنَّ أَوْ
بَنِي إِخْوَانِهِنَّ أَوْ بَنِي أَخَوَاتِهِنَّ أَوْ نِسَائِهِنَّ أَوْ مَا
مَلَكَتْ أَيْمَانُهُنَّ أَوِ التَّابِعِينَ غَيْرِ أُولِي الْإِرْبَةِ
مِنَ الرِّجَالِ أَوِ الطِّفْلِ الَّذِينَ لَمْ يَظْهَرُوا عَلٰى عَوْرَاتِ
النِّسَاءِ ۖ وَلَا يَضْرِبْنَ بِأَرْجُلِهِنَّ لِيُعْلَمَ مَا يُخْفِينَ
مِن زِينَتِهِنَّ ۚ وَتُوبُوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهَ الْمُؤْمِنُونَ
لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ۝

Waqul lilmu'minaati yaghdhudhna min abshaarihinna wa yahfadhna furuujahunna walaa yubdiina ziinatahunna illaa maa zhahara minhaa walyadhribna bikhumurihinna 'alaa juyuubihinna walaa yubdiina ziinatahunna illaa libu'uulatihinna au aahaa-ihinna au aabaa-i bu'uulatihinna au aabaa-ihinna au abnaa-i bu'uulatihinna au ikhwaanihinna au banii ikhwaanihinna au banii akhawaatihinna au nisaa-ihinna au maa malakat aimaanuhunna awit taabi'iina ghairi ulil irbati minar riiaali awith thiflil ladziina lam yazh-haruu 'alaa 'auraatin nisaa', walaa yadhribna bi-arjulihinna liya'lama maa yukhfiina min ziinatihin, wa tuubuu ilallaahi jamii'an ayyuhal mu'minuuna la'allakum tuflihuun.

Greteh supaya kawin (rabi, omah-omah).

32. Lan padha ningkahna (ngrabekna, ngomah-omahna) wong legan golonganira utawa wewengkonira lan baturira lanang lan wadon kang pantes-pantes (becik-becik). Dene yen wong mau padha mlarat, Allah bakal paring

٣٢ . وَأَنكِحُوا الْأَيَامٰى مِنكُمْ وَالصّٰلِحِينَ مِنْ عِبَادِكُمْ
وَإِمَائِكُمْ ۚ إِن يَكُونُوا فُقَرَاءَ يُغْنِهِمُ اللَّهُ مِن فَضْلِهِ ۗ
وَاللَّهُ وَاسِعٌ عَلِيمٌ ۝

kacukupan marang dheweke saka kanugrahaNe. Awit Allah mau kang Maha Jembar (Sugih) tur kang Ngudaneni. 696)

Wa ankihul ayaama minkum wash-shaalihiina min 'ibaadikum wa imaa-ikum, iy yakuunuu fuqaraa-a yughnihimullaahu min fadhlih, wallaahu waasi'un 'aliim.

33. Dene wong-wong lanang kang ora duwe waragad rabi, supaya anjaga awake saka zina, nganti dheweke disugihake dening Allah saka kanugrahaNe. Lan sawenehe wong-wong kang dimiliki dening tangan tengene (batur tukon) kang anjaluk ditulisake layang perjanjian, 697) iku sira nulisa

٣٣. وَلْيَسْتَعْفِفِ الَّذِينَ لَا يَجِدُونَ نِكَاحًا حَتَّىٰ يُغْنِيَهُمُ
اللَّهُ مِن فَضْلِهِ ۗ وَالَّذِينَ يَبْتَغُونَ الْكِتَابَ مِمَّا مَلَكَتْ
أَيْمَانُكُمْ فَكَاتِبُوهُمْ إِنْ عَلِمْتُمْ فِيهِمْ خَيْرًا ۖ وَآتُوهُم
مِّن مَّالِ اللَّهِ الَّذِي آتَاكُمْ ۚ وَلَا تُكْرِهُوا فَتَيَاتِكُمْ

696). Suraosipun Ayat punika andhawuhaken supados para Wali, para pamengku utawi para jurupangrembag, samiya enggal-enggal ngrabekaken utawi angemah-emahaken putranipun, wewengkonipun utawi ingkang dados rembagipun, manawi sampun dumugi ing wanci lan taksih legan, sarta sampun pantes. dene manawi tiyang wau sami sekeng, Allah sagah badhe paring cekap saking kanugrahaNipun.

Dhawuhing Ayat punika, ateges ngajengaken tumindaking bebojowan utawi sasemahan ingkang absah. Awit sesemahan ingkang sah wau, pancen satunggaling tindak sae, utami lan ingkang prayogi tur mantesi, sarta saged murakabi dhateng wontenipun gesang sesrawungan. Lan sasemahan ingkang sah wau, wonten ing Donya ugi kathah sanget faedahipun, lan wonten ing Akherat ageng yektos ganjaranipun, amargi saged anjagi saking lampah ma'siyat utawi zina, ingkang zina wau sampun dipundhawuhaken ing nginggil, satunggaling lampah awon ingkang saru sanget tur ina, ingkang kathah bebayanipun tur ageng dosanipun. Pramila wonten ing Hadist kadhawuhaken: "Sapa kang nglakoni bebojowan, ateges wus anjaga saparoning Agama".

Dados dhawuhing ayat punika sampun cundhuk kaliyan dhawuhipun ayat nginggil ingkang ngawisi zina. Tegesipun, wonten ing ayat punika, sesemahan dipun ajengaken sarana dipun bebingah badhe kaparingan Berkat lan Ni'mat. Dados sampun keplok.

Dhawuhing ayat kakalih wau manawi kagandheng lajeng kados-kados dhawuh makaten: "Sira aja padha zina, awit zina iku sawijining laku ala sing saru tur ina. ana ing Donya akeh banget bilahine, lan ana ing Akherat gedhe temenan siksane. Ananging prayoga padha rabiya bae, jalaran rabi iku laku becik kang pinuji tur diberkahi. Ana ing Donya akeh temenan faedahe sarta pikolehe, lan besuk ana ing Akherat gedhe banget ganjarane".

Wonten ing janjining Allah badhe paring cekap dhateng tiyang sekeng manawi purun rabi, punika tumraping para Mudha, samangke dados rembag ingkang musykil (rumit) sanget. Awit sami kirang pitados dhateng janjining Allah wau, margi kaanggep nyulayani kaliyan ilmunipun petang; inggih punika limrahipun sami gadhah pamanggih makaten: "Lha wong pametu samene iki dipangan wong siji wus comprang-campring, teka ndadak dikon rabi, unine jare malah arep diparingi cukup. La iku kapriye mungguh petunge, rakya ora bisa ketemu ing nalar ta?"

Ing mangka janji wau yektos lan kenging dipun pitados, sarta inggih cocok lan petanganipun sarta sampun dipun alami dening sadaya ngagesang. Punapa inggih Allah punika dora utawi nindakaken perkawis ingkang boten cocok lan petanganipun? Sampun tamtu boten. Mung kemawon ingkang metang, ingkang sok mboten leres, margi boten saged pratitis lan kirang njlimet.

Cobi petangan wau dipun udhari sawatawis kemawon, mangke rak lajeng cetha wela-wela, katingal nyatanipun janjining Allah wau, sarta cocokipun kaliyan petang ingkang ekonomis. Jerengipun makaten :"Tiyang legan ingkang gesang piyambakan, punika mesthinipun sadaya kabetahaning gesangipun namung tumbas punapa ingkang sampun dados utawi sampun mateng; awit boten badhe kober tumandang piyambak, margi katungkul nyambut damel kangge ngupados cekaping gesang. Sampun tamtu kemawon tetiyang ingkang sami sesadeyan wau inggih sami mendhet bathi, tur manawi ingkang dipun tumbas wau bangsa tetedhan utawi unjuk-unjukan, tirah boten tirah, kedah bayar wetah, lajeng sisanipun namung kabucal. Dados tegesipun kathah arta mawut ingkang ical. Saupami tiyang wau lajeng namung trimah ngupados rencang kemawon, boten wurung rencang wau inggih kedah dipun bayar, dipuningoni lan dipun-sandhangi samurwatipun. Dados inggih kedah medal artanipun. Pramila manawi piyambakipun wau lajeng purun rabi, sampun mesthi badhe kacekapan samukawisipun sakadar pamedalipun, sarta badanipun lan barang darbekipun, badhe saged rineksa ingkang ubed, purun ngrencangi pados tedha, sampun, sampun, boten namung cekap kemawon, ananging lajeng sugih sanalika!

Makaten cekak aosipun rembag sosial, nyumanggakaken manawi badhe kapanjangaken waton logis, mathis, lan pratitis cara ingkang susila tur utama!

697). **Wonten ing pranatan syari'at Islam anggenipun badhe ambengkas abdi-tumbasan sarana cara cara abdi wau dipun sekajeng badhe nicil bayar reginipun, lajeng kaserat ing serat parjanjian**

عَلَى الْبِغَآءِ إِنْ أَرَدْنَ تَحَصُّنًا لِّتَبْتَغُوا عَرَضَ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَمَنْ يُّكْرِهْهُّنَّ فَإِنَّ اللّٰهَ مِنْ بَعْدِ إِكْرَاهِهِنَّ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

kanggo dheweke manawa sira sumurup ana kebecikan tumrap wong-wong mau. Lan sira menehna marang dheweke bandha kagungaNe Allah kang wus kaparingake marang sira. Lan aja pisan-pisan sira meksa marang batur-batur tukon wadonira nglakoni zina manawa dheweke anduweni seja arep anjaga kasucene awake saka zina, perlune sira mung milih bandha panguripan Donya. Sing sapa ngroda-peksa dheweke nglakoni zina, mangka satemene Allah iku Maha Ngapura tur Maha Asih marang dheweke, sawuse dheweke padha rinoda peksa. 698)

Walyasta'fifil ladziina laa yajiduuna nikaahan hattaa yughniyahumullaahu min fadhlih, walladziina yabtaghuunal kitaaba mimmaa malakat aimaanukum fakaatibuuhum in 'alimtum fiihim khairaa, wa aatuuhum mim maalillaahil ladzii aataakum, walaa tukrihuu fatayaatikum 'alal bighaa-i in aradna tahashshunal litabtaghuu 'aradhal hayaatid dun-yaa, wamay yukrih hunna fa-innallaaha mim ba'di ikraahihinna ghafuurur rahiim.

Pepadhanging Quraan angliputi Langit lan Bumi, lir pendah Nuring Allah nggone amadhangi 'akaling insani.

34. Lan temen Ingsun wus nurunake ayat-ayat kang cetha marang sira, sarta wus anerangake sifat-sifate wong-wong kuna kang sadurungira, lan wus nerangake pitutur tumrap wong-wong kang padha wedi ing Allah.

٣٤. وَلَقَدْ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكُمْ آيٰتٍ مُّبَيِّنٰتٍ وَّمَثَلًا مِّنَ الَّذِيْنَ خَلَوْا مِنْ قَبْلِكُمْ وَمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِيْنَ ۝

Walaqad anzalnaa ilaikum aayaatim mubayyinaatiw wa matsalam minal ladziina khalau min qablikum wa mau'izhatal lil muttaqiin.

35. Allah iku Pepadhanging*) pirang-pirang Langit lan Bumi. Mungguh sanepane pepadhaNge mau, kaya dene sawijining misykat (lowahan ing tembok omah) isi diyan. Diyane ana ing kaca benggala, kaca benggalane kaya dene Lintang Duri. Diyan mau sinumed saka kekayon kang binerkahan tur mawa lenga, dudu weton Wetanan lan dudu weton Kulonan; lengane meh bisa madhangi, sanadyan ora tinaman ing geni. Mangkono iku, pepadhang ing sadhuwure pepadang! Allah bakal nuduhake sarana pepadhange mau marang wong kang diparengake. Lan Allah agawe pirang-pirang sanepa marang para manungsa. Dene Allah iku kang Ngawuningani marang sakabehing sawiji-wiji.

٣٥. اَللّٰهُ نُوْرُ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۚ مَثَلُ نُوْرِهٖ كَمِشْكٰوةٍ فِيْهَا مِصْبَاحٌ ۖ اَلْمِصْبَاحُ فِيْ زُجَاجَةٍ ۖ اَلزُّجَاجَةُ كَأَنَّهَا كَوْكَبٌ دُرِّيٌّ يُّوْقَدُ مِنْ شَجَرَةٍ مُّبٰرَكَةٍ زَيْتُوْنَةٍ لَّا شَرْقِيَّةٍ وَّلَا غَرْبِيَّةٍ ۙ يَّكَادُ زَيْتُهَا يُضِيْٓءُ وَلَوْ لَمْ تَمْسَسْهُ نَارٌ ۚ نُوْرٌ عَلٰى نُوْرٍ ۗ يَهْدِي اللّٰهُ لِنُوْرِهٖ مَنْ يَّشَآءُ ۚ وَيَضْرِبُ اللّٰهُ الْأَمْثَالَ لِلنَّاسِ ۗ وَاللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ۝

---

supados sami mayar lan gamblangipun, sarta bendaranipun supados damel mayar, lan abdi wau ngupadosipun arta sarana margi ingkang halal. Dene caranipun nulung lan damel mayar dipun paringi Zakat utawi sedhekah.

698). Allah SWT badhe paring pangapunten dhumateng amat utawi abdi estri-tumbasan ingkang kapeksa nglacuraken badanipun dening bendaranipun, sauger badhe boten nglacuraken malih!

*). Mila kawastanan surat An Nuur ingkang dipun maksud Al-Quraan.

Allaahu nuurus samaawaati wal ardh, matsalu nuurihii kamisykaatin fiihaa mishbaah, almishbaahu fii zujaajah, azzujaajatu ka-annahaa kaukabun dzurriyyuy yuuqadu min syajaratim mubaarakatin zaituunatil laa syarqiyyatiw walaa gharbiyyatiy yakaadu zaituhaa yudhii-u walau lam tamsashu naar, nuurun 'alaa nuur, yahdillaahu linuurihii may yasyaa', wa yadhribullaahul amtsaala linnaas, wallaahu bikulli syai-in 'aliim.

Manungsa kang begja antuk Nur berkahing Ilahy.

36. Para manungsa kang begja yaiku kang ana ing padaleman kang wus diparengake dening Allah, yenta diluhurna, lan dianggowa nyebut asmaNe. Ing kono saben esuk lan sore, padha dianggo Mahanucekake (memuji) ing Allah.

٣٦. فِيْ بُيُوْتٍ اَذِنَ اللّٰهُ اَنْ تُرْفَعَ وَيُذْكَرَ فِيْهَا اسْمُهٗ ۙ يُسَبِّحُ لَهٗ فِيْهَا بِالْغُدُوِّ وَالْاٰصَالِ ۙ

Fii buyuutin adzinallaahu an turfa'a wa yudzkara fiihas muhuu yusabbihu lahuu fiihaa bil ghuduwwi wal aashaal.

37. Yaiku para wong lanang kang ora padha katungkul dadagangan lan dedodolan, nganti lali eling ing Allah, lan lali ngedegake Shalat lan bayar Zakat. Tur dheweke padha kuwatir marang dina kang ing kono, ati-ati padha dheg-dhegan lan paningal-paningal padha bawur.

٣٧. رِجَالٌ ۙ لَّا تُلْهِيْهِمْ تِجَارَةٌ وَّلَا بَيْعٌ عَنْ ذِكْرِ اللّٰهِ وَاِقَامِ الصَّلٰوةِ وَاِيْتَآءِ الزَّكٰوةِ ۙ يَخَافُوْنَ يَوْمًا تَتَقَلَّبُ فِيْهِ الْقُلُوْبُ وَالْاَبْصَارُ ۙ

Rijaalul laa tulhiihim tijaaratuw walaa bai'un 'an dzikrillaahi wa iqaamish shalaati wa iitaa-iz zakaati yakhaafuuna yauman tataqallabu fiihil quluubu wal abshaar.

38. Pangarep-arepe wong kang padha nindakake mangkono mau, supaya Allah paring piwales marang dheweke sarana ganjaran kang luwih apik tinimbang barang kang wus padha dilakoni, lan paring tambah ganjaran marang dheweke muhung saka kanugrahaNe. Awit Allah mau kang paring rezeki tanpa kira-kira marang wong kang diparengake.

٣٨. لِيَجْزِيَهُمُ اللّٰهُ اَحْسَنَ مَا عَمِلُوْا وَيَزِيْدَهُمْ مِّنْ فَضْلِهٖ ۗ وَاللّٰهُ يَرْزُقُ مَنْ يَّشَآءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ۝

Liyajziya humullaahu ahsana maa 'amiluu wa yaziidahum min fadhlih, wallaahu yarzuqu may yasyaa-u bighairi hisaab.

Manungsa kang ora oleh Nur berkahing Ilahy.

39. Lan wong-wong kafir iku kabeh tumindake kaya dene lelamunan fatamorgana (amun-amun) ana ing ara-ara kang wrata, dikira dening wong-wong kang ngelak yen iku banyu; nanging bareng dheweke teka mrono, ora nemu apa-apa malah dheweke

٣٩. وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اَعْمَالُهُمْ كَسَرَابٍۢ بِقِيْعَةٍ يَّحْسَبُهُ الظَّمْاٰنُ مَآءً ۗ حَتّٰٓى اِذَا جَآءَهٗ لَمْ يَجِدْهُ شَيْـًٔا وَّوَجَدَ اللّٰهَ عِنْدَهٗ فَوَفّٰىهُ حِسَابَهٗ ۗ وَاللّٰهُ سَرِيْعُ الْحِسَابِ ۙ

ana ngarsaning Allah nemoni siksa. Allah banjur nyampurnakake piwales kabeh 'amale. Lan Allah iku kang rikat pangetuNge.

Walladziina kafaruu a'maaluhum kasaraabim biqii'atiy yahsabuhuzh zham-aanu maa-an hattaa idzaa iaa-ahuu lam yajidhu syai-aw wawaiadallaaha 'indahuu fawaffaahu hisaabah, wallaahu sarii'ul hisaab.

40. Utawa ngamale wong-wong kafir kang ala iku kaya dene peteng ndhedhet lelimengan ana ing Segara kang jero katutupan dening ombak, ing sadhuwure ombak mau ana ombak maneh, lan sadhuwure ombak kang kapindho iku katutup mega, dadi pepeteng katutupan dening pepeteng maneh liyane. Manawa dheweke ngulurake tangane, meh ora bisa sumurup, lan sing sapa didadekake dening Allah ora entuk pepadhang, sanyata dheweke ora duwe pepadhang sithik-sithika.

٤٠- أَوْ كَظُلُمَاتٍ فِي بَحْرٍ لُّجِّيٍّ يَغْشَاهُ مَوْجٌ مِّن فَوْقِهِ مَوْجٌ مِّن فَوْقِهِ سَحَابٌ ظُلُمَاتٌ بَعْضُهَا فَوْقَ بَعْضٍ إِذَا أَخْرَجَ يَدَهُ لَمْ يَكَدْ يَرَاهَا وَمَن لَّمْ يَجْعَلِ اللَّهُ لَهُ نُورًا فَمَا لَهُ مِن نُّورٍ ۝

Au kazhulumaatin fii bahril lujjiyyiy yaghsyaahu maujum min fauqihii maujum min fauqihii sahaab, dhulumaatum ba'dhuhaa fauqa ba'dhin, idzaa akhraja yadahuu lam yakad yaraahaa, wamallam yaj'alillaahu lahuu nuuran fiimaa lahuu min nuur.

Kacabenggala panguwasaning Allah.

41. Apa sira iku durung sumurup yen satemene Allah iku diMaha-sucekake dening sakabehing makhluq ing Langit-langit lan Bumi, sarta dening manuk kalawan ngegarake suwiwine ana ing ngawang-awang ngigel-ngigel? Siji-sijine titah ngalam donya mangerti Shalate lan anggone Maha-nucekake Pangeran,[699] lan Allah iku Ngudaneni marang sakabehing barang kang padha dilakoni dening para titah.

٤١- أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ يُسَبِّحُ لَهُ مَن فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَالطَّيْرُ صَافَّاتٍ كُلٌّ قَدْ عَلِمَ صَلَاتَهُ وَتَسْبِيحَهُ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِمَا يَفْعَلُونَ ۝

Alam tara annallaaha yusabbihu lahuu man fis-samaawaati wal ardhi waththairu shaaffaat, kullun qad 'alima shalaatahuu wa tasbiihahuu, wallaahu 'aliimum bimaa yaf'aluun.

42. Lan mung kagunganing Allah pribadi Karatoning Langit-langit lan Bumi, lan mung marang ngarsaning Allah piyambak panggonaning bali sowane kabeh makhluq.

٤٢- وَلِلَّهِ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَإِلَى اللَّهِ الْمَصِيرُ ۝

Wa lillaahi mulkus samaawaati wal ardh, wa ilallaahil mashiir.

43. Apa sira durung sumurup yen satemene Allah kang ngarak anggiring mendhung. PenjenengaNe banjur ngumpulake antarane mendhung kang pisah-pisah iku nuli kadadekake undhung-undhungan, sira banjur sumurup gumrujuging udan metu saka sela-

٤٣- أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ يُزْجِي سَحَابًا ثُمَّ يُؤَلِّفُ بَيْنَهُ ثُمَّ يَجْعَلُهُ رُكَامًا فَتَرَى الْوَدْقَ يَخْرُجُ مِنْ خِلَالِهِ وَيُنَزِّلُ مِنَ السَّمَاءِ مِن جِبَالٍ فِيهَا مِن بَرَدٍ فَيُصِيبُ

699). Sarana dipun paringi ilham saking ngarsa dalem Allah SWT piyambak. Mirsanana ing "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi" Bab II Rukun Islam.

selane mau. Lan PanjenengaNe nurunake saka Langit kang kaya Gunung-gunung yaiku udan es (woh). PanjenengaNe nuli nyiksa kalawan udan woh mau marang sapa bae kang dikarsakake, lan PanjenengaNe nyingkirake marang sapa bae kang diparengake, meh-meh gebyaring kilate iku ngilangake paningaling pandeleng.

بِهٖ مَنْ يَّشَآءُ وَيَصْرِفُهٗ عَنْ مَّنْ يَّشَآءُ ۗ يَكَادُ سَنَا بَرْقِهٖ يَذْهَبُ بِالْاَبْصَارِ ۝

Alam tara annallaaha yuzjii sahaaban tsumma yu-allifu bainahuu · tsumma yaj'aluhuu rukaaman fataral wadqa yakhruju min hilaalihi wa yunazzilu minas samaa-i min jibaalin fiihaa mim baradin fayushiibu bihii may yasyaa-u wa yashrifuhuu 'am may yasyaa', yakaadu sanaa barqihii yadz-habu bil abshaar.

44. Allah mau kang mbolak-mbalikake rina lan wengine. Sanyata ing kono ana piwulang utama (kupiya) tumrap wong kang padha duwe gagasan.*)

٤٤. يُقَلِّبُ اللّٰهُ الَّيْلَ وَالنَّهَارَ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَعِبْرَةً لِّاُولِي الْاَبْصَارِ ۝

Yuqallibullaahul laila wannahaar, inna fii dzaalika la'ibratal li-ulil abshaar.

45. Lan Allah mau wus anitahake sakabehing gegremet saka ing banyu, banjur ana kang mlaku nganggo wetenge, lan ana kang mlaku nganggo sikile loro, lan ana kang mlaku nganggo sikil papat. Allah nitahake sabarang miturut karsaNe. Sanyata Allah iku Maha Kawasa menyang sakabehing sawiji-wiji.[700]

٤٥. وَاللّٰهُ خَلَقَ كُلَّ دَآبَّةٍ مِّنْ مَّآءٍ ۚ فَمِنْهُمْ مَّنْ يَّمْشِيْ عَلٰى بَطْنِهٖ ۚ وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّمْشِيْ عَلٰى رِجْلَيْنِ ۚ وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّمْشِيْ عَلٰٓى اَرْبَعٍ ۗ يَخْلُقُ اللّٰهُ مَا يَشَآءُ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

WAllaahu khalaqa kulla daabbatim mim maa', faminhum may yamsyii 'alaa bathnihii wa minhum may yamsyii 'alaa rijlain, wa minhum may yamsyii 'alaa arba', yakhluqullaahu maa yasyaa', innal laaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

46. Sayekti Ingsun wus nurunake ayat pirang-pirang kang cetha terang. Lan Allah paring pituduh marang wong kang diparengake menyang dedalan kang bener.

٤٦. لَقَدْ اَنْزَلْنَآ اٰيٰتٍ مُّبَيِّنٰتٍ ۗ وَاللّٰهُ يَهْدِيْ مَنْ يَّشَآءُ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Laqad anzalnaa aayaatim mubayyinaat, wallaahu yahdii may yasyaa-u ilaa shiraatim mustaqiim.

*). Mirsanana ing "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi" Bab VI. Hayuning Bawana, inggih punika pitedahing Allah ingkang awujud Kitab Kodrat.

700). Katerangan ayat punika sambet kalayan ayat 30 surat Al Anbiyaa', inggih punika bilih Allah SWT nitahaken sadaya ngagesang saking toya, dados ayat punika dumunung anerangaken paprincen saha warni-warninipun ngagesang ingkang sampun katitahaken saking toya wau. Wondene kateranganipun ngagesang tinitahaken saking toya, punika 'ilmuning manungsa ing zaman modern sampun saged ndungkap bilih jasading ngagesang wau kadadosaken saking kempaling cel (kewan alit-alit) ingkang awujud **Protoplasma** (toya saemper pethaking tigan), mirsanana kitab **"Cells and Societies"** karya John Tyler Bonner, Princeton University Press, New Jersey-USA, 1955.

Bedane wong Mu'min lan wong munafiq nyuwun pangadilan hukum marang Rasul.

47. Lan wong-wong mau padha ngucap : "Aku kabeh iman marang Allah, lan marang Utusan, sarta aku padha ta'at". Sagolongan saka wong-wong mau banjur mlengos mengo sawuse ngucap mangkono mau, lan wong-wong iku pancen dudu wong-wong kang iman.

٤٧. وَيَقُولُونَ اٰمَنَّا بِاللّٰهِ وَبِالرَّسُولِ وَاَطَعْنَا ثُمَّ يَتَوَلّٰى فَرِيقٌ مِّنْهُمْ مِّنْ بَعْدِ ذٰلِكَ ۚ وَمَآ اُولٰٓئِكَ بِالْمُؤْمِنِينَ ۝

Wa yaquuluuna aamannaa billaahi wa birrasuuli wa atha'naa tsumma yatawallaa fariiqum minhum mim ba'di dzaalik, wamaa ulaa-ika bil mu'miniin.

48. Lan manawa wong-wong mau diajak netepi Agamaning Allah lan ndherek Rasulullah, supaya Rasul iku bisa mutusi perkarane ngukumi ing antarane dheweke, dumadakan sagolongan saka wong-wong mau nolak ora gelem nyandikani.

٤٨. وَاِذَا دُعُوٓا اِلَى اللّٰهِ وَرَسُولِهٖ لِيَحْكُمَ بَيْنَهُمْ اِذَا فَرِيقٌ مِّنْهُمْ مُّعْرِضُونَ ۝

Wa idzaa du'uu ilallaahi wa rasuulihii liyahkuma bainahum idzaa fariiqum minhum mu'ridhuun.

49. Lan manawa Kabeneran mau (panyanane dheweke) ana ing pehak (kamaslahatane) wong-wong mau, rerikatan dheweke padha sowan marang Utusan.

٤٩. وَاِنْ يَّكُنْ لَّهُمُ الْحَقُّ يَاْتُوٓا اِلَيْهِ مُذْعِنِينَ ۝

Wa-in yakul lahumul haqqu ya'tuu ilaihi mudz'iniin.

50. Apa ing ati-atine wong-wong mau ana lelarane kekafiran lan kamunafekan, utawa apa padha mamang, utawa apa padha wedi bok manawa dianiaya dening Allah lan UtusaNe? Malah satemene dheweke iku kang padha nganiaya.

٥٠. اَفِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ اَمِ ارْتَابُوْٓا اَمْ يَخَافُوْنَ اَنْ يَّحِيْفَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ وَرَسُوْلُهٗ ۭ بَلْ اُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ۝

Afii quluubihim maradhun amirtaabuu am yakhaafuuna ay yakhiifallaahu 'alaihim wa rasuuluh, bal ulaa-ika humuzh zhaalimuun.

51. Satemene ature para wong Mu'min manawa padha ditimbali netepi Kitabing Allah lan UtusaNe, perlu arep diadili prakarane kang ana ing antarane dheweke,[701] iku mung padha matur: Kula sami mireng lan sami ndherek. Wong kang mangkono mau, yaiku wong kang padha begja.

٥١. اِنَّمَا كَانَ قَوْلَ الْمُؤْمِنِيْنَ اِذَا دُعُوْٓا اِلَى اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ لِيَحْكُمَ بَيْنَهُمْ اَنْ يَّقُوْلُوْا سَمِعْنَا وَاَطَعْنَا ۭ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

Innamaa kaana qaulal mu'miniina idzaa du'uu ilallaahi wa rasuulihii liyahkuma bainahum ay yaquuluu sami'naa wa atha'naa, wa ulaa-ika humul muflihuun.

701). Inggih punika dipun adili ing antawisipun sami-sami Muslimin, lan ing antawisipun Muslimin kalayan ngasanes.

52. Lan sapa kang mbangun miturut ing Allah lan UtusaNe, sarta wedi ing Allah, lan taqwa ing PanjenengaNe,[702] mesthi dheweke mau bakal padha rahayu.

٥٢- وَمَنْ يُّطِعِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ وَيَخْشَ اللّٰهَ وَيَتَّقْهِ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْفَآئِزُوْنَ ۝

Wamay yuthi'illaaha wa rasuulahuu wa yakhsyallaaha wa yattaqhi fa-ulaa-ika humul faa-izuun.

53. Lan wong-wong iku padha sumpah marang Allah kanthi temen-temen ,,manawa sira prentah mangsah perang, mesthi dheweke mangkat perang. Dhawuha Muhammad: "Sira aja sumpah! Nyandikani dhawuhing Allah iku luwih becik tinimbang sumpah gegorohan. Satemene Allah iku kang Waspada ing samubarang kang padha sira lakoni."

٥٣- وَاَقْسَمُوْا بِاللّٰهِ جَهْدَ اَيْمَانِهِمْ لَئِنْ اَمَرْتَهُمْ لَيَخْرُجُنَّ ۭ قُلْ لَّا تُقْسِمُوْا ۚ طَاعَةٌ مَّعْرُوْفَةٌ ۭ اِنَّ اللّٰهَ خَبِيْرٌۢ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ۝

Wa aqsamuu billaahi jahda aimaanihim la-in amartahum layakhrujunna qul laa tuqsimuu, thaa'atum ma'ruufah, innallaaha khabiirum bimaa ta'maluun.

Panguwasa kang dijanjekake dening Allah kaparingake wong kang bekti lan nindakake kabecikan.

54. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha bektia (ta'ata) marang Allah lan bektia (ta'ata) marang Rasul", manawa dheweke padha mlengos, mangertiya kang dibotake marang Rasul iku iya mung prakara kang didhawuhake marang dheweke, yaiku nekakake pepeling, lan kang dibotake marang sira kabeh, iya prakara yang didhawuhake marang sira, yaiku pangajake Rasul. Dene manawa sira kabeh ndherek marang pangajake Rasul iku, temen sira kabeh oleh pituduh, lan ora ana kuwajiban tumrap Rasul iku, kajaba nekakake amanating Allah kang pratela.

٥٤- قُلْ اَطِيْعُوا اللّٰهَ وَاَطِيْعُوا الرَّسُوْلَ ۚ فَاِنْ تَوَلَّوْا فَاِنَّمَا عَلَيْهِ مَا حُمِّلَ وَعَلَيْكُمْ مَّا حُمِّلْتُمْ ۭ وَاِنْ تُطِيْعُوْهُ تَهْتَدُوْا ۭ وَمَا عَلَى الرَّسُوْلِ اِلَّا الْبَلٰغُ الْمُبِيْنُ ۝

Qul athii'ul-laaha wa athii'ur rasuul, fa-in tawallau fa-innamaa 'alaihi maa hummila 'alaikum maa hummiltum, wa in tuthii'uuhu tahtaduu, wamaa 'alar rasuuli illal balaaghul mubiin.

55. Allah wus janji marang wong kang padha mu'min saka sira kabeh, lan padha gelem nindakake panggawe becik, mesthi bakal padha didadekake sesulih ana ing Bumi, kaya dene anggone Allah wus ndadekake sesulih para wong Mu'min kang sadurung-sadurunge, lan bakal padha diparingi Mardika Agamane kang wus direnani (dipilih) dening Allah kanggo dheweke, lan bakal

٥٥- وَعَدَ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْكُمْ وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَيَسْتَخْلِفَنَّهُمْ فِي الْاَرْضِ كَمَا اسْتَخْلَفَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۠ وَلَيُمَكِّنَنَّ لَهُمْ دِيْنَهُمُ الَّذِي ارْتَضٰى لَهُمْ وَلَيُبَدِّلَنَّهُمْ مِّنْۢ بَعْدِ خَوْفِهِمْ اَمْنًا ۭ يَعْبُدُوْنَنِيْ

702). **Ajrih ing Allah, maksudipun ajrih saking siksaning Allah, dene taqwa ing PanjenengaNe, artosipun anjagi badanipun sampun ngantos dhawah ing warni-warni dosa ingkang mungkin kadadosan.**

لَا يُشْرِكُوْنَ بِيْ شَيْئًا ۗ وَمَنْ كَفَرَ بَعْدَ ذٰلِكَ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ ۝

Wa 'adallaahul ladziina aamanuu minkum wa 'amilush shaalihaati layastakhlifannahum fil ardhi kamas takhlafal ladziina min qablihim wa layumakkinana lahum diinahumul ladzir tadhaa lahum wa layubaddi lannahum mim ba'di khaufihim amnaa, ya'buduunanii laa yusyrikuuna bii syai-aa, waman kafara ba'da dzaalika fa-ulaa-ika humul faasiquun.

padha diparingi liru katentreman sawise tansah padha kuwatir. Dheweke mau padha nembah marang Ingsun piyambak sarta ora padha musyrikake ing Ingsun sethithik bae. Dene sapa kang kafir (nyelaki) sawise perjanjian iku, sanyata dheweke mau wong kang padha duraka. 703)

٥٦. وَاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتُوا الزَّكٰوةَ وَاَطِيْعُوا الرَّسُوْلَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُوْنَ ۝

Wa aqiimush shalaata wa aatuz zakaata wa athii'ur rasuula la'allakum turhamuun

56. Lan padha ngedegna Shalat lan padha bayara Zakat, apa-dene padha mbangun turuta Kanjeng Rasul, supaya sira padha disihi dening Allah.

٥٧. لَا تَحْسَبَنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مُعْجِزِيْنَ فِى الْاَرْضِ ۚ وَمَاْوٰىهُمُ النَّارُ ۭ وَلَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ۝

Laa tahsabannal ladziina kafaruu mu'jiziina fil ardh, wama'waahumun naar, walabi'sal mashiir.

57. Sira aja pisan-pisan ngira wong kang padha kafir, ana ing Bumi padha bisa mepesake (nulak karsaning) Allah. Dene bakal panggonane, Neraka: lan Neraka iku ala-alaning papan kawusanan.

---

703). Kala samanten ayat punika dipuntujokaken utawi dipunneraken dhateng para Sekabatipun Kanjeng Nabi s.a.w. rikala taksih remeh lan ringkih sanget, tansah dipunengis-engis dening tetiyang kafir utawi musyrik, dipunfitnah lan dipunsakiti namung sabab anggenipun sami ngrungkebi Agami Islam. Rehning para Sekabat wau sami ngestokaken yektos punapa dhawuhing Allah, lan sami ndherek punapa satindakipun Kanjeng Nabi s.a.w. mila janji wau inggih dipun tuhoni sayektos dening Allah ingkang Maha kawaos. Wasana boten dangu para Sekabat wau, estu dados sesulih wonten ing Bumi, saged naklukaken pinten-pinten Negari, sarta ing wekasan gesangipun saged tata lan tentrem, Agaminipun saged mardika lan ageng ngrembaka ing Jagad Raya, ngantos dumugi zaman tehnologi-modern sapunika lan dumugining Akhir-zaman!

Janjinipun Allah kados makaten wau, miturut dhawuhing Ayat, pancen sampun dados s u n n a h (angger)ipun Allah SWT wonten ing lelampahing Jagadrat, wiwit kina makina ngantos dumugi dinten Qiyamat. Pramila sapengkering para Sekabat (Sayyidina Abu Bakar, 'Umar bin Khattab, 'Ustman bin 'Affan, 'Ali bin Abi Thalib r.a.), sasampunipun Ummat Islam langkung-langkung para Pemimpin-Pangagengipun sami nguja hawa-nafsunipun nuruti syahwat kadonyanipun thok, lajeng kemawon janjinipun Allah wau kajabut. Wasana Ummat Islam dados kusut, ringkih lan bosah-baseh: tetes lan pangancaming Allah: "Dene sapa kang kafir ..... (nyelaki) sawuse mangkono mau, sanyata dheweke iku wong kang padha duraka!"

Ing samangke, janjining Allah SWT wau badhe dipunparingaken malih dhateng sintena tetiyang Mu'min ingkang purun sami ngrungkebi Agaminipun, ngestokaken dhawuhing Allah Pepundhenipun, sarta ndherek tindak-tanduking Nabinipun, punapa dene sami sregep anindakaken 'amal kasaeanan kuwajiban utawi kautamenipun. Inggih Negari utawi masyarakat ingkang makaten punika ingkang dipun kersakaken Allah: **"Baldatun thoyyibatun wa Robuun Ghafuur"** tegesipun Negari ingkang tata tentrem sae, sarta binerkahan pangapuntening Allah". Mangga sasarengan kita sadaya samia amarsudi sageda kalampahan nindakaken dhawuhing Allah ingkang leres punika!

Piwulang tata krama ing bale griya.

٥٨. يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لِيَسْتَـْٔذِنكُمُ ٱلَّذِينَ مَلَكَتْ أَيْمَٰنُكُمْ وَٱلَّذِينَ لَمْ يَبْلُغُوا۟ ٱلْحُلُمَ مِنكُمْ ثَلَٰثَ مَرَّٰتٍ ۚ مِّن قَبْلِ صَلَوٰةِ ٱلْفَجْرِ وَحِينَ تَضَعُونَ ثِيَابَكُم مِّنَ ٱلظَّهِيرَةِ وَمِنۢ بَعْدِ صَلَوٰةِ ٱلْعِشَآءِ ۚ ثَلَٰثُ عَوْرَٰتٍ لَّكُمْ ۚ لَيْسَ عَلَيْكُمْ وَلَا عَلَيْهِمْ جُنَاحٌۢ بَعْدَهُنَّ ۚ طَوَّٰفُونَ عَلَيْكُم بَعْضُكُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ ۚ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلْـَٔايَٰتِ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ٥٨

58. He wong kang padha ngestokake ! batur-batur (budhak lanang-wadon)-ira lan bocah-bocahira kang padha durung tumeka umur ngimpi (diwasa) padha konen njaluk idzin marang sira ana ing mangsa ping telu: yaiku sadurunge Shalat Subuh, lan ana ing wancine sira padha lukar nguculi sandhanganira ana ing wayah awan, lan sawuse Shalat 'Isya'. Mangsa tetelu iku, wancine lukar tumraping sira. Dene saliyane waktu tetelu mau, ora ana pakewuh tumraping sira lan tumraping dheweke padha wira-wiri mlebu-metu marang sira, yaiku sawenehira marang sawenehe. Kaya mangkono, Allah anggone nerangake dhawuh pangandikaNe marang sira. Dene Allah mau kang Ngawuningani tur Wicaksana.[704]

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu liyasta'-dzinkumul ladziina malakat aimaanukum walladziina lam yablughul huluma minkum tsalaatsa marratin min qabli shalaatil fajri wa hiina tadha'uuna tsiyaabakum minazh zhahiirati wamim ba'di shalaatil 'isyaa', tsalaatsu 'auraatil lakum, laisa 'alaikum walaa 'alaihim junaahum ba'da hunn, thawwaafuuna 'alaikum ba'dhukum 'alaa ba'dhin kadzaalika yubayyinullaahu lakumul aayaat, wallaahu 'aliimun hakiim.

٥٩. وَإِذَا بَلَغَ ٱلْأَطْفَٰلُ مِنكُمُ ٱلْحُلُمَ فَلْيَسْتَـْٔذِنُوا۟ كَمَا ٱسْتَـْٔذَنَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمْ ءَايَٰتِهِۦ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ٥٩

59. Dene manawa bocah-bocahira mau wus padha tumeka ing mangsa ngimpi iya padha konen jaluk idzin, kaya anggone jaluk idzin wong - wong kang kasebut sadurunge mau.[705] Kaya mangkono, Allah anggone nerangake dhawuh pangandikaNe (ayat-ayat) marang sira. Dene Allah iku kang Ngawuningani tur Wicaksana.

Wa idzaa balaghal athfaalu minkumul huluma falyasta'dzinuu kamas-ta'dzanal ladziina min qablihim, kadzaalika yubayyinullaahu lakum aayaatih, wallaahu 'aliimun hakiim.

704). Dhawuh pangandikanipun Allah punika mengku piwucal tata-kraminipun salebeting griya; inggih punika wonten wekdal tetiga: enjing saderengipun tangi, siyang sanglebetipun ngaso (lukar), lan dalu wancining tilem. Anakipun (lare alit) utawi rencangipun sampun nganthos mlebet dhateng kamar utawi senthong patileman, tanpa mawi nedha idzin langkung rumiyin. Jalaran, mbok bilih sawek tilem katingal 'uratipun, utawi wonten prakawis wados, rak boten sae menggah badhe kadadosanipun.

705). Lare-lare ingkang sampun baleseh lan sanes muhrim, kedah nyuwun idzin rumiyin manawi badhe mlebet kamar utawi griya, kados dene cara tatakrama mlebet griya kasebat ing ayat 27 lan 28 ing surat punika.

٦٠ وَالْقَوَاعِدُ مِنَ النِّسَآءِ الّٰتِيْ لَا يَرْجُوْنَ نِكَاحًا فَلَيْسَ عَلَيْهِنَّ جُنَاحٌ اَنْ يَّضَعْنَ ثِيَابَهُنَّ غَيْرَ مُتَبَرِّجٰتٍۭ بِزِيْنَةٍ ۭ وَاَنْ يَّسْتَعْفِفْنَ خَيْرٌ لَّهُنَّ ۭ وَاللّٰهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝

60. Dene para wong wadon tuwa kang wus leren haid lan ngandhut, kang wus ora padha hajat bebojoan, ora ana pakewuhe tumrap dheweke arep padha lukar nguculi panganggone kang njaba, sauger ora padha ngedhéngake pepaese. Dene yen padha emoh lukar, iku kang luwih becik tumrap dheweke, lan Allah kang Miyarsa tur Ngawuningani.

Wal qawaa'idu minan nisaa-il latii laa yarjuuna nikaahan falaisa 'alaihinna junaahun ay yadha'na tsiyaabahunna ghaira mutabarrijaatim biziinah, wa-ay yasta' fifna khairul lahunn, wallaahu samii'un 'aliim.

٦١ لَيْسَ عَلَى الْاَعْمٰى حَرَجٌ وَّلَا عَلَى الْاَعْرَجِ حَرَجٌ وَّلَا عَلَى الْمَرِيْضِ حَرَجٌ وَّلَا عَلٰٓى اَنْفُسِكُمْ اَنْ تَاْكُلُوْا مِنْ بُيُوْتِكُمْ اَوْ بُيُوْتِ اٰبَاۗىِٕكُمْ اَوْ بُيُوْتِ اُمَّهٰتِكُمْ اَوْ بُيُوْتِ اِخْوَانِكُمْ اَوْ بُيُوْتِ اَخَوٰتِكُمْ اَوْ بُيُوْتِ اَعْمَامِكُمْ اَوْ بُيُوْتِ عٰمّٰتِكُمْ اَوْ بُيُوْتِ اَخْوَالِكُمْ اَوْ بُيُوْتِ خٰلٰتِكُمْ اَوْ مَا مَلَكْتُمْ مَّفَاتِحَهٗٓ اَوْ صَدِيْقِكُمْ ۭ لَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ اَنْ تَاْكُلُوْا جَمِيْعًا اَوْ اَشْتَاتًا ۭ فَاِذَا دَخَلْتُمْ بُيُوْتًا فَسَلِّمُوْا عَلٰٓى اَنْفُسِكُمْ تَحِيَّةً مِّنْ عِنْدِ اللّٰهِ مُبٰرَكَةً طَيِّبَةً ۭ كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمُ الْاٰيٰتِ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۝ ع ١٤

61. Ora ana pakewuhe (larangan) tumrape wong wuta, lan ora ana pakewuhe tumrap wong cotho (cacat anggotane), lan ora ana pakewuhe tumrape wong lara, lan hiya ora ana pakewuhe tumrape awakira, arep padha mangan ana ing omahe anak-anakira, utawa omahe Bapak-bapakira, utawa omahe Sadulur-sadulurira lanang, utawa omahe Sadulur-sadulurira wadon, utawa omahe Pakcilik-pakcilikira saka Bapa, utawa omahe mBokcilik-mbokcilikira saka Bapa, utawa omahe Pakcilik-pakcilikira saka Biyung, utawa omahe mBokcilik-mbokcilikira saka Biyung, utawa omahe wong kang sogoke omah kok cekel (dititipake ing sira) utawa omahe mitranira. Ora ana pakewuhe tumrap sira kabeh, arep padha mangan kembulan utawa ijen-ijen. Dene manawa sira arep padha mlebu ngomah, becik padha uluka salam marang awak (ahlin)ira; iku pakurmatan sajatine saka ngarsaning Allah, kang binerkahan tur kang ngresepake. Kaya mangkono, Allah anggone mratelakake dhawuh pangandikaNe marang sira, supaya sira padha ngangen-angen (ngestokake).

Laisa 'alal a'maa harajuw walaa 'alal a'raji harajuw walaa 'alal mariidhi harajuw walaa 'alaa anfusikum an ta'kuluu mim buyuutikum au buyuuti aabaa-ikum au buyuuti ummahaatikum au buyuuti ikhwaanikum au buyuuti akhawaatikum au buyuuti a'maamikum au buyuuti 'ammaatikum au buyuuti akhwaalikum au buyuuti khaalaatikum au maa malaktum mafaatihahuu au shadiiqikum, laisa 'alaikum junaahun an ta'kuluu jamii'an au asytaataa, fa-idzaa dakhaltum buyuutan fasallimuu 'alaa anfusikum tahiyyatam min 'indillaahi mubaarakatan thayyibah, kadzaalika yubayyinullaahu lakumul aayaati la'allakum ta'qiluun.

Tata krama sesrawungan wong-wong Mu'min kalayan Rasulullah s.a.w. lan carane musyawarah.

62. Sanyata mungguh kang diarani para wong Mu'min, iku wong kang padha ngestokake marang Allah lan UtusaNe, lan manawa padha ngancani Utusan mau ngrembug sawijining prakara kang butuh kekumpulan, ora padha lunga yen durung padha nyuwun sarta wus oleh idzine. Sanyata kang padha gelem nyuwun idzin ing sira Muhammad! iku wong kang aran padha ngestokake temenan marang Allah lan UtusaNe. Dene manawa padha nyuwun idzin ing sira, perlu arep nindakake sawenehing kaperluwane, hiya paringa idzin marang wong mau kang kok parengake, lan suwunna pangapura marang Allah, sany ta Allah iku Maha Ngapura Maha Asih. 706)

٦٢- إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ الَّذِينَ آمَنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ وَإِذَا
كَانُوا مَعَهُ عَلَىٰ أَمْرٍ جَامِعٍ لَّمْ يَذْهَبُوا حَتَّىٰ يَسْتَأْذِنُوهُ
إِنَّ الَّذِينَ يَسْتَأْذِنُونَكَ أُولَٰئِكَ الَّذِينَ يُؤْمِنُونَ
بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ ۚ فَإِذَا اسْتَأْذَنُوكَ لِبَعْضِ شَأْنِهِمْ
فَأْذَن لِّمَن شِئْتَ مِنْهُمْ وَاسْتَغْفِرْ لَهُمُ اللَّهَ ۚ إِنَّ
اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

Innamal mu'minuunal ladziina aamanuu billaahi wa rasuulihii wa idzaa kaanuu ma'ahuu 'alaa amrin jaami'il lam yadzhabuu hattaa yas-ta'dzinuuhu innal ladziina yasta'dzinuunaka ulaa-ikal ladziina yu'minuuna billaahi wa rasuulih, fa-idzas ta'dzanuuka liba'dhi sya'nihim fa'dzal liman syi'ta minhum wastaghfir lahumullaah, innallaaha ghafuurur rahiim.

63. Sira aja padha ndadekake (nganggep) pandonga utawa timbalane Kanjeng Rasul ana ing antaranira, kaya dene pandonga utawa pangundange sawenehira marang sawenehe. Sanyata Allah Nupiksani sira kang

٦٣- لَا تَجْعَلُوا دُعَاءَ الرَّسُولِ بَيْنَكُمْ كَدُعَاءِ بَعْضِكُم بَعْضًا ۚ
قَدْ يَعْلَمُ اللَّهُ الَّذِينَ يَتَسَلَّلُونَ مِنكُمْ لِوَاذًا ۚ فَلْيَحْذَرِ
الَّذِينَ يُخَالِفُونَ عَنْ أَمْرِهِ أَن تُصِيبَهُمْ فِتْنَةٌ أَوْ

706). Ayat punika Gusti Allah paring dhawuh bab adabipun musyawarah, suraosipun makaten, musyawarah (parlemen) utawi konggres, punapa seminar lan diskusi sapiturutipun, punika kedah wonten ingkang dados pangarsa (pimpinan), utawi sesepuhipun ingkang minangka dados sang nata, ingkang kabiyantu sekretariat lan administrasi. Sang Nata wau kedah saged anjagi tertibipun utawi ruwet rentenging musyawarah. Kadosta ingkang ambikak lan nutup, sintensinten ingkang kaaturan ngestreni, ingkang ngurutaken rembag sarta pangrembagipun kados pundi, ingkang ngidini saha nanata aturing para kanca-anggota musyawarah, tuwin ngendhakaken utawi misah ingkang pepabenan sabab emosi, ingkang ngudhari rembag ingkang ruwet, lan anggolongaken ingkang buyar, sarta saged lajeng kaputusaken pisan! Punapa dene Sang Nata wau kedah saged anggadhahi wibawa adil paramarta berbudi bawa leksana, wenang ngidini ingkang pamit badhe madal pasilan (walk out), utawi nyingkiraken anundhung ingkang kamanah badhe damel resah utawi gendraning musyawarah, kadosta sekorsing sasaminipun.

Angger ingkang makaten wau, dipun tindakaken dening Pangeran sarana kawicaksanan ingkang adhedhasar prosudur tata-tertib, lan ingkang adil sampun ngantos miban-cindhe-mban siladan abot sisih! Dene para kanca ingkang dados anggota ingkang sami tumut rerembagan ugi kedah anggatosaken (disiplin) sarta tundhuk punapa sadhawuhing Pangarsa wau, kajawi manawi dhawuh pamrayogi ingkang salah, inggih kenging kaleresaken utawi kabantah.

Lan manawi badhe gadhah atur punapa kemawon, langkung rumiyin kedah nyuwun idzin dhateng pangarsanipun, sarta manawi badhe pamit madal pasilan margi wonten kaperluwan inggih kedah nyuwun palilahipun. Lan sadèrengipun angsal idzin, boten kenging lajeng nilar pasilan (palenggahan musyawarah). Wonten riki pangarsa wau sarana kawaskithan sarta kawiyaranipun, wenang paring idzin dhateng sintena kemawon ingkang dados kaparengipun. Kados makaten, sawatawis katrangan ingkang wigatos bab tata-kraminipun musyawarah (kekempalan) sacara Islam; ta, rak sae sanget! Pramila kita titiyang Islam namung kantun nindakaken kemawon, boten susah mawi pakewet. Wallahu 'alam!

padha mbolos sarana sisingidan. Mulane dingati-ati wong kang padha nyulayani dhawuhing Allah lan Kanjeng Rasul mau. yenta padha kataman bilahi ana ing Donya utawa bakal padha kapatrapan siksa kang nglarani besuk ana ing Akhirat.

يُصِيبَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Laa taj'aluu du'aa-ar rasuuli bainakum kadu'aa-i ba'dhikum ba'dhaa, qad ya'lamullaahul ladziina yatasallaluu minkum liwaadzaa, falyakhdzaril ladziina yukhaalifuuna 'an amrihii an tushiibahum fitnatun au yushiibahum 'adzaabun aliim.

64. Eling! sanyata Allah kang kagungan sabarang kang ana ing pirang-pirang Langit lan Bumi. Sanyata PanjenengaNe Ngawuningani prakara kang lagi padha kok antepi (lakoni), lan mbesuk ana ing dinane padha disowanake marang ngarsaNe, banjur padha diwedhari prakara-prakara kang wus padha dilakoni mau. Lan Allah mau kang Ngawuningani sakabehing sawiji-wiji.

***)

٦٤- أَلَآ إِنَّ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ قَدْ يَعْلَمُ مَآ أَنتُمْ عَلَيْهِ ۖ وَيَوْمَ يُرْجَعُونَ إِلَيْهِ فَيُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ۝

Alaa inna lillaahi maa fis-samaawaati wal ardh, qad ya'lamu maa antum 'alaih, wa yauma yarjuuna ilaihi fayunabbi-uhum bimaa 'amiluu, wallaahu bikulli syai-in 'aliim.

***). Minangka panutuping katerangan ingkang sawatawis wigatos inggih punika nyinahu tandhingan (comperative study of Quraan) saking surat An Nuur kaliyan surat Al Furqaan, kados kasebat ing ngandhap punika:

1. Wonten akhir surat An Nuur, Gusti Allah paring dhawuh wajib dhumateng para Mu'minin supados ndherek Kanjeng Nabi s.a.w. sarta paring deduka sintena kemawon ingkang kumawantun ngalawan dhumateng Rasulullah s.a.w., ananging wonten awal surat Al Furqaan, dhawuhing Allah nerangaken bilih Kanjeng Nabi s.a.w. dipun paringi Al Quraan supados nenuntun Ummat Manungsa ing Jagatrat.

2. Wonten ing kekalihipun surat punika Gusti Allah anerangaken lampahing mega, dhawahing toya jawah, sarta sumringahing Bumi katingal ijo-royo-royo sabab dening kasiram toya, punika sawenehing bukti Panguwasanipun Allah SWT.

3. Ugi wonten ing kakalihipun surat punika Allah anerangaken bilih amal usahanipun tetiyang kafir ing dinten Qiyamat boten dipun paringi ganjaran sakedhik-kedhika, lan ugi anerangaken kekalihipun surat punika bab mula bukanipun tumitahing manungsa!

4. Wonten ing surat An Nuur dipun akhiri katerangan bilih Gusti Allah piyambak ingkang kagungan Langit-Langit lan Bumi, sarta sadaya ingkang tumitah ing ngarcapada, samudayaning makhluq tinata-rinakit ingkang adhedhasar hikmah sarta faedah, lan maslahating sadaya ingkang dipun karsakaken. Pramila benjing ing dinten Qiyamat hamung Allah piyambak ingkang badhe paring Pangadilan sadaya amal-usahanipun manungsa.

Dene wonten surat Al Furqaaan, dipun wiwiti anerangaken bilih Gusti Allah ingkang Maha Luhur, Dzatipun, Sifat-Sifatipun, sarta Tumindak-TumindakIpun, ingkang sadaya wau anedahaken kadospundi Welas Asih sarta Arisipun Pangeran dhumateng sadaya KawulanIpun sarana anurunaken Kitab Suci Al Quraan dados Pandom pandaming dumadi tumrap gesangipun para manungsa!

AL FURQAAN (PANYILAHING PRAKARA)

Surat kaping 25 : 77 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 68, 69 lan 70 kawahyokake ana ing Madinah, 77 ayat. Tumurun sawuse surat Yaa Siin.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Allah nitahake sakabehing kahanan lan barang sarana sarwa becik (harmonis).

1. Maha Berkah Pangeran kang wus nurunake Panyilahing prakara (Al Quraan) marang kawulane, supaya dadi Juru-pepeling marang wong 'alam kabeh.[708]

١ - تَبٰرَكَ الَّذِيْ نَزَّلَ الْفُرْقَانَ عَلٰى عَبْدِهٖ لِيَكُوْنَ لِلْعٰلَمِيْنَ نَذِيْرًا ○

١ - Tabaarakal ladzii nazzalal furqaana 'alaa 'abdihii liyakuuna lil'aalamiina nadziiraa.

2. PenjenengaNe kang kagungan Kratoning pirang-pirang Langit lan Bumi, lan PanjenengaNe ora mundhut putra sarta ora ana kang ngancani ana ing Kratone mau: lan PanjenengaNe wus nitahake sakabehing sawiji-wiji banjur ditamtokake sarana papesthen taqdir.[709]

٢ - الَّذِيْ لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَلَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَّلَمْ يَكُنْ لَّهٗ شَرِيْكٌ فِي الْمُلْكِ وَخَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ فَقَدَّرَهٗ تَقْدِيْرًا ○

Alladzii lahuu mulkus samaawaati wal-ardhi walam yattakhidz waladaw walam yakul lahuu syariikun fil mulki wa khalaqa kulla syai-in faqaddarahuu taqdiiraa.

---

707). Tetembungan Furqaan, maknanipun Panyilahing prakara, punika saweneh naminipun Al Quraan. Dene Al Quraan sinebat Furqaan wau, awit Al Quraan punika ngewrat dhawuhing Allah ingkang nyilah-nyilahaken antawisipun prakawis ingkang leres lan lepat, sae lan awon, utawi halal lan haram sapiturutipun.

708). Kalebet jin lan manungsa.

709). Papesthen takdir artosipun katetepan ukuran-ukuran ingkang sarwa gumathok, pramila sadaya barang lan kawontenan ingkang dipun damel dening Gusti Allah punika dipun paringi pirantos-pirantos lan cecawisan ingkang cocok kaliyan naluri, sifat-sifat lan jejer fungsinipun piyambak-piyambak wonten madyaning pasrawunganipun ngagesang.

٣ - وَاتَّخَذُوا مِنْ دُونِهِ آلِهَةً لَّا يَخْلُقُونَ شَيْئًا وَّهُمْ يُخْلَقُونَ وَلَا يَمْلِكُونَ لِأَنْفُسِهِمْ ضَرًّا وَّلَا نَفْعًا وَّلَا يَمْلِكُونَ مَوْتًا وَّلَا حَيٰوةً وَّلَا نُشُورًا ۝

3. Lan wong kafir padha ngalap pepundhen saliyane Allah, sing ora bisa agawe apa-apa, ananging malah padha digawe, lan ora padha bisa miliki (nguwasani) begja lan cilakane awake dhewe, sarta ora padha bisa ndarbeki pati lan urip lan ora bisa nguripake maneh.

Wattakhadzuu min duunihii aalihatal laa yakhluquuna syai-aw wahum yukhlaquuna walaa yamlikuuna li-anfusihim dharraw walaa naf'aw walaa yamlikuuna mautaw walaa hayaataw walaa nusyuuraa.

Wong-wong kafir padha ndakwa-palsu marang Al Quraan.

٤ - وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوٓا إِنْ هٰذَآ إِلَّآ إِفْكٌ افْتَرٰىهُ وَأَعَانَهُ عَلَيْهِ قَوْمٌ اٰخَرُونَ ۚ فَقَدْ جَآءُو ظُلْمًا وَّزُورًا ۝

4. Lan wong kang padha kafir celathu: "Al Quraan iki ora ana maneh kajaba mung gegorohan kang dianggit karo Muhammad, sarta dipitulungi karo wong liya-liyane. Sanyata wong kafir mau wus padha omong duraka (ora bener) lan goroh.

Wa qaalal ladziina kafaruu in haadzaa illaa ifku(n)iftaraahu wa a'aanahuu 'alaihi qaumun aakharuun, faqad jaa-uu zhulmaw wa zuuraa.

٥ - وَقَالُوٓا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ اكْتَتَبَهَا فَهِيَ تُمْلٰى عَلَيْهِ بُكْرَةً وَّأَصِيلًا ۝

5. Lan padha celathu maneh: Al Quraan iku mung dedongengan anggitane wong kunakuna kang ditedhak, banjur diwacakake marang Muhammad esuk sore nganti apal.

Wa qaaluu asaathiirul awwaliinak-tatabahaa fahiya tumlaa 'alaihi bukrataw wa ashiilaa.

٦ - قُلْ أَنْزَلَهُ الَّذِي يَعْلَمُ السِّرَّ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۚ إِنَّهُ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ۝

6. Muhammad! dhawuha: Al Quraan iku kang nurunake Pangeran kang Ngawuningani wawadining pirang-pirang Langit lan Bumi. Sanyata PanjenengaNe mau kang Maha Ngapura Maha Asih.

Pramila manungsa ingkang tumitahipun dados Khalifatullah ing 'alam Donya saged sawatawis (boten sadaya tuntas) mangertosi hikmah, sabab musabab utawi **hukum kausalitas** ing samukawis barang lan kadosan. Kadosta kadadosan wonten daya **listrik** punika saking daya **plus lan minus**, wonten tuban utawi toya grojogan punika dados sabab wontenipun tenaga agengagengan ewon kilowatt listrik (hydro-electrisity) kados wonten ing proyek Nasional **Asahan - Sumatra**. Conto malih, kenging punapa Bangsa Indonesia saged Merdika saking penjajahan? Punika saksanesipun Taqdiring Pangeran ingkang Maha Murah, Maha Asih dhumateng Kawulanipun; lan ugi anelakaken Panguwaosing Allah ingkang Adil parama arta dhumateng sadengaha tiyang ingkang wantun lan ikhlas berjoang kangge ambengkas kadzaliman lan ngedegaken kaleresan sarta kaadilan ing sasami-sami Bangsa lan Manungsa. Makaten ugi tumitahing woh-wohan, sacara tehnis biologis, saged kasumerepan bilih woh jambet upaminipun, punika asalipun saking sungut sari sekar jaler estri, dening angin ingkang nglantaraken lajeng dados manunggal sungut sari wau, akhiripun dados jambet. Makaten ugi titah sanes-sanesipun, sarwa sifat-sifat lan naluri-naluri ingkang warni-warni. Inggih makaten punika piwucal Agami, ingkang saged dipun nalar-nalar hukum kausalitas-ipun. Dados cetha bilih Agami Islam punika Agami 'Akal sarta Agami Fitrah cocok kaliyan sangkan paraning dumadosipun Manungsa, inggih punika Agami Tauhid.

Qul anzalahul ladzii ya'lamus sirra fis-samaawaati wal ardh, innahuu kaana ghafuurar rahiimaa.

Wong kafir padha eram dene Rasul-ullah iku manungsa lumrah.

7. Lan padha celathu maneh: Geneya iki Utusaning Allah, kok ndadak mangan pangan lan mlaku ana ing pasar-pasar barang? mBokiya dheweke dituruni Malaikat, banjur Malaikat mau ngrewangi dheweke dadi Juru pepeling.

٧ - وَقَالُوْا مَالِ هٰذَا الرَّسُوْلِ يَأْكُلُ الطَّعَامَ وَيَمْشِيْ فِي الْاَسْوَاقِ ۭ لَوْلَآ اُنْزِلَ اِلَيْهِ مَلَكٌ فَيَكُوْنَ مَعَهٗ نَذِيْرًا ۙ ٧

Wa qaaluu maali haadzar rasuuli ya'kuluth tha'aama wa yamsyii fil aswaaq, laulaa unzila ilaihi malakun fayakuuna ma'ahuu nadziiraa.

8. Utawa mbokiya dheweke mau dituruni Gedhong magrong-magrong (kebak mas picis raja brana), utawa ndarbeki pakebonan kang wulu-wetune kena dipangan. Lan wong kang padha duraka mau padha celathu marang para wong Mu'min: Sira iku rak mung padha manut wong kang sinihir (kena tenung).

٨ - اَوْ يُلْقٰٓى اِلَيْهِ كَنْزٌ اَوْ تَكُوْنُ لَهٗ جَنَّةٌ يَّاْكُلُ مِنْهَا ۭ وَقَالَ الظّٰلِمُوْنَ اِنْ تَتَّبِعُوْنَ اِلَّا رَجُلًا مَّسْحُوْرًا ۝ ٨

Au yulqaa ilaihi kanzun au takuunu lahuu jannatuy ya'kulu minhaa, wa qaalazh zhaalimuuna in tattabi'uuna illaa rajulam mashuuraa.

9. Muhammad! Mara delengen, kapriye anggone wus padha ngupamakake (ngonek-onekake) marang sira: wasana dheweke padha sasar, banjur ora padha bisa oleh dalan!

٩ - اُنْظُرْ كَيْفَ ضَرَبُوْا لَكَ الْاَمْثَالَ فَضَلُّوْا فَلَا يَسْتَطِيْعُوْنَ سَبِيْلًا ۝ ٩ ع

Unzhur kaifa dharabuu lakal amtsaala fadhalluu falaa yastathii'uuna sabiilaa.

10. Maha Luhur Pangeran kang manawa wus ngarsakake, tamtu andamel kang luwih becik kanggo sira Muhammad tinimbang kebon kang diucapake dening wong-wong mau, yaiku Suwarga kang ing sangisore ana kaline sapirang-pirang padha mili lan ndamel kanggo sira pirang-pirang pura.

١٠ - تَبٰرَكَ الَّذِيْٓ اِنْ شَاۗءَ جَعَلَ لَكَ خَيْرًا مِّنْ ذٰلِكَ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ ۙ وَيَجْعَلْ لَّكَ قُصُوْرًا ۝ ١٠

Tabaarakal ladzii insyaa-a ja'ala laka khairam min dzaalika jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru wa yaj'al laka qushuuraa..

11. Sanyata wong-wong mau maido marang dina Qiyamat, lan Ingsun nyawisake Neraka Sa'ir tumrap wong-wong kang maido ing dina Qiyamat.

١١ - بَلْ كَذَّبُوْا بِالسَّاعَةِ ۣ وَاَعْتَدْنَا لِمَنْ كَذَّبَ بِالسَّاعَةِ سَعِيْرًا ۝ ١١

Bal kadzdzabuu bissaa'ah, wa a'tadnaa liman kadzdzaba bissaa'ati sa'iiraa.

12. Manawa Malaikat Zabaniyah kang njaga Neraka iku sumurup wong-wong mau saka kadohan, wong-wong mau padha krungu gumrubuging suwarane lan jeritan.

١٢- إِذَا رَأَتْهُمْ مِّن مَّكَانٍ بَعِيدٍ سَمِعُوا لَهَا تَغَيُّظًا وَزَفِيرًا ۝

Idzaa ra-athum mim makaanim ba'iidin sami'uu lahaa taghayyuzhaw wa zafiiraa.

13. Lan manawa wong-wong mau dicegurake ana ing panggonan ciyut ing Neraka karo dibelenggu, ana ing kono dheweke padha sesambat: "Aduh cilaka, luwung aku disirnakake bae!".

١٣- وَإِذَا أُلْقُوا مِنْهَا مَكَانًا ضَيِّقًا مُّقَرَّنِينَ دَعَوْا هُنَالِكَ ثُبُورًا ۝

Wa idzaa ulquu minhaa makaanan dhayyiqam muqarraniina da'au hunaalika tsubuuraa.

14. Nuli didhawuhake marang wong-wong mau: "Dina iki sira aja padha sesambat cilaka luwung disirnakake pisan, nanging padha sesambata cilaka banget". 710)

١٤- لَّا تَدْعُوا الْيَوْمَ ثُبُورًا وَاحِدًا وَادْعُوا ثُبُورًا كَثِيرًا ۝

Laa tad'ul yauma tsubuuraw waahidaw wad'uu tsubuuran katsiiraa.

15. Dhawuha sira Muhammad: "Apa kang luwih becik iku Neraka Sa'ir lan ahline kaya kang wus katerangake, apa Suwarga Langgeng kang wus dijanjekake tumrap wong-wong kang padha taqwa? Suwarga Langgeng mau dadi ganjaran lan panggonan bali tumrap wong-wong kang taqwa.

١٥- قُلْ أَذَٰلِكَ خَيْرٌ أَمْ جَنَّةُ الْخُلْدِ الَّتِي وُعِدَ الْمُتَّقُونَ كَانَتْ لَهُمْ جَزَاءً وَمَصِيرًا ۝

Qul adzaalika khairun am jannatul khuldil latii wu'idal muttaquun, kaanat lahum jazaa-aw wa mashiiraa.

16. Wong-wong mau ana ing Suwarga kono padha oleh apa kang dikarepake, sarta padha langgeng. Kang dikarepake dening wong-wong mau dadi sawijining parjanjiyan kang pantes disuwunake priksa marang Pangeranira Muhammad.

١٦- لَهُمْ فِيهَا مَا يَشَاءُونَ خَالِدِينَ كَانَ عَلَىٰ رَبِّكَ وَعْدًا مَّسْئُولًا ۝

Lahum fiihaa maa yasyaa-uuna khaalidiin, kaana 'alaa rabbika wa'dam mas-uulaa.

Allah SWT wawancara kalayan sesembahane wong kang kafir ing dina Qiyamat.

17. Lan ana ing dinane Allah ngumpulake wong-wong mau kang musyrik lan brahala kang padha disembah saliyane Allah. PanjenengaNe banjur andangu: "Apa sira kang wus nyasarake para kawulanIngsun, apa

١٧- وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ وَمَا يَعْبُدُونَ مِن دُونِ اللَّهِ فَيَقُولُ ءَأَنتُمْ أَضْلَلْتُمْ عِبَادِي هَٰؤُلَاءِ أَمْ هُمْ ضَلُّوا السَّبِيلَ ۝

710). Saking sanget sakitipun dipun siksa, tiyang-tiyang kafir lan musyrik ingkang dipun wales tumindakipun zhalim wonten Donya sami nyuwun dipun sirnaken kemawon, nanging boten saged, sabab wonten ing Neraka wau sami langgeng, makaten ayat 11 dumugi 16. Samanten ugi tiyang tiyang ingkang taqwa badhe gesang langgeng ugi wonten ing Suwarga sarana eca sekeca!

pancen dheweke dhewe kang duwe karep ninggalake dalan kang bener?".

Wa yauma yahsyuruhum wamaa ya'buduuna min duunillaahi fayaquulu a-antum adhlaltum 'ibaadii haa-ulaa-i am hum dhallus sabiil.

18. Kang padha disembah mau padha matur: "Maha Suci Paduka! Boten samesthinipun kula sadaya ngalap kekasih sanesipun Paduka. Kita boten pisan-pisan nyasaraken piyambakipun, ananging ingkang kados makaten wau jalaran Paduka sampun ambebingah tetiyang wau lan Bapak-bapakipun kalayan rupi-rupi kani'matan Donya ngantos piyambakipun sami kasupen bekti dhumateng Paduka tuwin dados kaum ingkang cilaka".

١٨. قَالُوا سُبْحٰنَكَ مَا كَانَ يَنْۢبَغِيْ لَنَآ اَنْ نَّتَّخِذَ مِنْ دُوْنِكَ مِنْ اَوْلِيَآءَ وَلٰكِنْ مَّتَّعْتَهُمْ وَاٰبَآءَهُمْ حَتّٰى نَسُوا الذِّكْرَ ۚ وَكَانُوْا قَوْمًۢا بُوْرًا ۝

Qaaluu subhaanaka maa kaana yambaghii lanaa an nattakhidza min duunika min auliyaa-i walaakim matta'tahum wa aabaa-ahum hattaa nasudz-dzikra wa kaanuu qaumam buuraa.

Para andika Rasul iku sak manungsa biasa (lumrah).

19. Pangandikaning Allah: "Sanyata dheweke kang dianggep Pangeran-pangeran saliyane Allah wus anggorohake pangucapira kang nyebutake yen iku Pangeran-pangeran saliyane Allah. Mangka dheweke kang disembah ora kuwasa nulak siksa saka sira kabeh, sarta ora kuwasa nulungi awake dhewe. Lan sapa bae saka sira kabeh kang atindak aniaya, temen Ingsun icipake tumrap dheweke siksa kang gedhe.

١٩. فَقَدْ كَذَّبُوْكُمْ بِمَا تَقُوْلُوْنَ ۙ فَمَا تَسْتَطِيْعُوْنَ صَرْفًا وَّلَا نَصْرًا ۚ وَمَنْ يَّظْلِمْ مِّنْكُمْ نُذِقْهُ عَذَابًا كَبِيْرًا ۝

Faqad kadzdzabuu kum bimaa taquuluu na famaa tastathii'uuna sharfaw walaa nashraa, wamay yazhlim minkum nudziqhu 'adzaaban kabiiraa.

20. Lan Ingsun ora ngutus marang para Utusan sadurungira Muhammad, kajaba mesthi padha dhahar dhedhaharan sarta padha lumaku ana ing pasar-pasar. Lan Ingsun andamel sawenehira dadi coba marang sawenehira, mula apa ta padha sabar? Lan Pangeranira iku kang Maha Priksa.

٢٠. وَمَآ اَرْسَلْنَا قَبْلَكَ مِنَ الْمُرْسَلِيْنَ اِلَّآ اِنَّهُمْ لَيَاْكُلُوْنَ الطَّعَامَ وَيَمْشُوْنَ فِى الْاَسْوَاقِ ۗ وَجَعَلْنَا بَعْضَكُمْ لِبَعْضٍ فِتْنَةً ۗ اَتَصْبِرُوْنَ ۚ وَكَانَ رَبُّكَ بَصِيْرًا ۝ ع ٢٠

Wamaa arsalnaa qablaka minal mursaliina illaa innahum laya'kuluunath tha'aama wa yamsyuuna fil aswaaq, wa ja'alnaa ba'dhakum liba'dhin fitnah, atashbiruuna wa kaana rabbuka bashiiraa.

JUZ 19

Piwalese wong kang maido marang Al Quraan besuk ing dina Qiyamat.

21. Lan wong-wong kang ora padha nga-rep-arep bakal sowan ing ngarsanIngsun padha ngucap: "Apa jalarane ora diturunake Malaikat marang kita, utawa kita sumurup Pangeran kita?". Temen wong-wong mau wus padha gumedhe atine lan ngliwati wates anggone padha zhalim (nganiaya).

٢١. وَقَالَ الَّذِيْنَ لَا يَرْجُوْنَ لِقَآءَنَا لَوْلَآ اُنْزِلَ عَلَيْنَا الْمَلٰٓئِكَةُ اَوْ نَرٰى رَبَّنَا ۗ لَقَدِ اسْتَكْبَرُوْا فِيْٓ اَنْفُسِهِمْ وَعَتَوْ عُتُوًّا كَبِيْرًا ۝

Wa qaalal ladziina laa yarjuuna liqaa-anaa laulaa unzila 'alainal malaa-ikatu au naraa rabbanaa, laqadis takbaruu fii anfusihim wa 'atau 'utuwwan kabiiraa.

22. Ing dina besuk Qiyamat nalika wong-wong mau andeleng Malaikat, ing dina iku wus ora ana kabungahan maneh tumrap wong-wong kang padha dosa. Lan dheweke padha ngucap: "Iki alangan gedhe temenan kang ora bisa dioncati!".711)

٢٢. يَوْمَ يَرَوْنَ الْمَلٰٓئِكَةَ لَا بُشْرٰى يَوْمَئِذٍ لِّلْمُجْرِمِيْنَ وَيَقُوْلُوْنَ حِجْرًا مَّحْجُوْرًا ۝

Yauma yaraunal malaa-ikata laa busyraa yauma-idzil lil-mujrimiina wa yaquuluuna hijram mahjuuraa.

23. Lan Ingsun neja niti priksa kabeh kang wus padha ditindakake ana ing Donya, saka 'amal-'amalé (kang becik padha ditindakake ana ing kekafiran), wusana kabeh 'amale mau Ingsun dadekake kaya dene lebu kang ditiup angin (ora ana ganjarane). 712)

٢٣. وَقَدِمْنَآ اِلٰى مَا عَمِلُوْا مِنْ عَمَلٍ فَجَعَلْنٰهُ هَبَآءً مَّنْثُوْرًا ۝

Wa qadimnaa ilaa maa 'amiluu min 'amalin faja'alnaahu bahaa-am mantsuuraa.

24. Kabeh ahli Suwarga ana ing dina iku: padha suka-suka jalaran oleh panggonan kang luwih endah, lan sak becik-becike panggonan kanggo kasenengan.

٢٤. اَصْحٰبُ الْجَنَّةِ يَوْمَئِذٍ خَيْرٌ مُّسْتَقَرًّا وَّاَحْسَنُ مَقِيْلًا ۝

Ash-haabul jannati yauma-idzin khairum mustaqarraw wa ahsanu maqiilaa.

---

711). Dhapukaning ukara wonten tembung Arab kados ingkang kaweca ing ayat punika: **"Hijraan mahjuuran"**, punika dipun ucapaken nalika kapanggih mengsah ingkang boten saged dipun tangkis malih, utawi pinanggih bebaya ageng nggegirisi. Terjamahipun "Mugi Allah paring pitulung nyingkiraken bebaya punika saking kawula!"", ananging ingkang dipun maksud: **"Boten** wonten pangajeng-ajeng malih badhe saged uwal saking siksa Neraka"; inggih punika piwalesipun tiyang ingkang maiben ing Quraan, benjing ing dinten Qiyamat boten gadhah argumentasi malih, kajawi nemahi gesang ina ing Neraka tur langgeng! •

712). Maksudipun sadaya 'amal kasaenanipun tiyang kafir wonten ing Donya punika boten badhe dipun paringi ganjaran dening Allah wonten ing Akherat, sabab piyambakipun boten **iman ing** Allah. Dados iman punika Soko-guru ingkang penting piyambak; ngadegipun sadaya tindaktanduk, solah bawa, muna lan muni ing salaminipun gesang wonten ing 'alam Donya punika, sabab dening adeging iman wonten ati sanubari, pramila manungsa gesang boten utawi tanpa iman ing Allah, saestu badhe katiwasan kawusananipun, wasana masa boronga para sutrisna!

٢٥- وَيَوْمَ تَشَقَّقُ السَّمَآءُ بِالْغَمَامِ وَنُزِّلَ الْمَلٰٓئِكَةُ تَنْزِيْلًا ٥

25. Besuk dina Qiyamat kalane Langit dadi bengkah pecah, jalaran kebekan mendhung putih ing kono para Malaikat padha tumurun kalawan pepanthan.

Wa yauma tasyaqqaqus samaa-u bil ghamaami wa nuzzilal malaa-ikatu tan ziilaa.

٢٦- اَلْمُلْكُ يَوْمَئِذِ ِالْحَقُّ لِلرَّحْمٰنِ وَكَانَ يَوْمًا عَلَى الْكٰفِرِيْنَ عَسِيْرًا ٥

26. Lan ing dina iku Karaton kang haq mung kagungaNe Pangeran kang Maha Murah piyambak, sarta dina mau banget ngrekasakake tumrap wong-wong kang padha kafir.

Almulku yaumaidzi(n)il haqqu lirrahmaan, wa kaana yauman 'alal kaafiriina 'asiiraa.

٢٧- وَيَوْمَ يَعَضُّ الظَّالِمُ عَلٰى يَدَيْهِ يَقُوْلُ يٰلَيْتَنِى اتَّخَذْتُ مَعَ الرَّسُوْلِ سَبِيْلًا ٥

27. Lan ana ing dina iku wong kang nganiaya padha nyokot drijine sarta ngucap: "O, cilaka banget! Ngertiya biyen aku cekelan Agama kang bener, ndherek Rasul".

Wa yauma ya'adh-dhuzh zhaalimu 'alaa yadaihi yaquulu yaa laitanit takhadztu ma'ar rasuuli sabiilaa.

٢٨- يٰوَيْلَتٰى لَيْتَنِى لَمْ اَتَّخِذْ فُلَانًا خَلِيْلًا ٥

28. Wadhuh cilaka aku! Idhepa aku harak ora sih sinihan karo si Fulan". 713)

Yaa wailataa laitanii lam attakhidz fulaanan khaliilaa.

٢٩- لَقَدْ اَضَلَّنِىْ عَنِ الذِّكْرِ بَعْدَ اِذْ جَآءَنِىْ ۗ وَكَانَ الشَّيْطٰنُ لِلْاِنْسَانِ خَذُوْلًا ٥

29. Temen dheweke wus nyasarake aku saka pepelinging Quraan sawuse tekan marang aku". Pancen syetan iku kekasih kang nyasarake, iku ngasorake banget marang manungsa.

Laqad adhallanii 'anidz dzikri ba'da idz jaa-anii, wa kaanasy syaithaanu lil-insaani khadzuulaa.

٣٠- وَقَالَ الرَّسُوْلُ يٰرَبِّ اِنَّ قَوْمِى اتَّخَذُوْا هٰذَا الْقُرْاٰنَ مَهْجُوْرًا ٥

30. Rasul mau munjuk: "Dhuh Pangeran kawula! Saestunipun kaum kawula sampun nglirwakaken Quraan (boten dipun imanaken tuwin boten dipun 'amalaken!)".

Wa qaalar rasuulu yaa rabbi inna qaumit takhadzuu haadzal qur-aana mahjuuraa.

713). Artosipun syetan utawi tiyang ingkang rumiyin wonten Donya tansah nyasaraken.

31. Kaya dene Ingsun wus nganakake mungsuh-mungsuhira Muhammad saka kaum musyrikin, mangkono uga Ingsun wus andadekake saben-saben Nabi iku anduweni mungsuh saka kaum-kaume kang dosa. Lan cukup Pangeranira kang nuduhake lan kang nulungi.

٣١. وَكَذٰلِكَ جَعَلْنَا لِكُلِّ نَبِيٍّ عَدُوًّا مِّنَ الْمُجْرِمِيْنَ ۗ وَكَفٰى بِرَبِّكَ هَادِيًا وَّنَصِيْرًا ۝

Wa kadzaalika ja'alnaa likulli nahiyyin 'aduwwam minal mujrimiin, wa kafaa birabbika haadiyaw wa nashiiraa.

32. Wong kang padha kafir celathu: "Geneya Quraan iku kok ora diturunake marang Muhammad babar pisan sak ambalan wae?". Pancen katurunake kaya mangkono! awit Ingsun arep nancepake Quraan iku ing atinira, supaya Ingsun nguwatake atinira (anggone ngapalake) sarta Ingsun terangake Quraan iku marang sira kalawan terang". 714)

٣٢. وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَوْلَا نُزِّلَ عَلَيْهِ الْقُرْاٰنُ جُمْلَةً وَّاحِدَةً ۚ كَذٰلِكَ ۚ لِنُثَبِّتَ بِهٖ فُؤَادَكَ وَرَتَّلْنٰهُ تَرْتِيْلًا ۝

Wa qaalal ladziina kafaruu laulaa nuzzila 'alaihil qur-aanu jumlataw waahidah, kadzaalika linutsabbita bihii fu-aadaka wa rattalnaahu tartiilaa.

33. Lan wong-wong mau ora pisan-pisan sowan marang sira Muhammad anggawa hujjah (kanggo ambatalake Kanabianira), kajaba Ingsun mesthi nekakake marang sira hujjah kalawan haq, kang mbatalake hujjahe wong mau, lan kang luwih becik katerangane.

٣٣. وَلَا يَأْتُوْنَكَ بِمَثَلٍ اِلَّا جِئْنٰكَ بِالْحَقِّ وَاَحْسَنَ تَفْسِيْرًا ۝

Walaa ya'tuunaka bimatsalin illaa ji'naaka bilhaqqi wa ahsana tafsiiraa.

34. Dheweke kang bakal dikumpulake diseret rai-raine menyang Neraka Jahanam. Wong kang mangkono iku oleh panggonan luwih ala tur luwih sasar dalane.

٣٤. اَلَّذِيْنَ يُحْشَرُوْنَ عَلٰى وُجُوْهِهِمْ اِلٰى جَهَنَّمَ ۙ اُولٰٓئِكَ شَرٌّ مَّكَانًا وَّاَضَلُّ سَبِيْلًا ۝

Alladziina yuhsyaruuna 'alaa wujuuhihim ilaa jahannam, ulaa-ika syarrum makaanaw wa adhallu sabiilaa.

Tepa-palupi saka cecritane ummat zaman kuna.

35. Lan temen Ingsun wus paring Kitab marang Nabi Musa, lan Harun sadulure. Ingsun dadekake Pembantu kang tansah bebarengan kalawan dheweke.

٣٥. وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ وَجَعَلْنَا مَعَهٗٓ اَخَاهُ هٰرُوْنَ وَزِيْرًا ۝

Walaqad aatainaa muusal kitaaba wa ja'alnaa ma'ahuu akhaahu haaruuna waziiraa.

714). Supados Quraan wau gampil dipun apalaken, mayar dipun waos, sarta praktis dipun tindakaken ing sadhengah tiyang lan saben papan! Dipun suraos inggih logis lan obyektif, dene manawi kirang cetha, sumangga nyuwun biyantu para 'Alim Ulama lan Pemimpin Agami, Insya Allah saged gathuk, tumbu angsal tutup!

36. Ingsun nuli paring dhawuh: "Sira sakaloron mangkata marang kaum kang maido Ayat-ayatIngsun". (Sawuse kaum mau karawuhan Musa lan Harun, kukuh ora gelem percaya). Ingsun nuli ngrusak wong-wong mau kalawan rusak temenan.

٣٦. فَقُلْنَا اذْهَبَآ إِلَى الْقَوْمِ الَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا فَدَمَّرْنَاهُمْ تَدْمِيرًا ۝

Faqulnadz-habaa ilal qaumil ladziina kadzdzabuu bi-aayaatinaa, fadammarnaa hum tadmiiraa.

37. Lan kaume Nuh, bareng dheweke padha maido marang para Rasul Utusaning Pangeran, ing kono nuli Sun siksa sarana Ingsun kelemake, lan dheweke Ingsun dadekake tuladha tumrap marang para manungsa, sarta Ingsun wus nyawisake siksa kang nglarani banget marang wong-wong kang nganiaya.

٣٧. وَقَوْمَ نُوحٍ لَّمَّا كَذَّبُوا الرُّسُلَ أَغْرَقْنَاهُمْ وَجَعَلْنَاهُمْ لِلنَّاسِ آيَةً ۖ وَأَعْتَدْنَا لِلظَّالِمِينَ عَذَابًا أَلِيمًا ۝

Wa qauma nuuhil lammaa kadzdzabur rusula aghraqnaahum wa ja'alnaahum linnaasi aayah, wa a'tadnaa lizhzhaalimiina 'adzaaban aliimaa.

38. Lan Ingsun wus ngrusak marang kaum 'Aad, kaum Tsamud, Ashaabur Rass [715] (kaum Su'aib) lan akeh maneh kaum kang ana ing antarane para kaum kang kasebut mau.

٣٨. وَعَادًا وَثَمُودَ وَأَصْحَابَ الرَّسِّ وَقُرُونًا بَيْنَ ذَٰلِكَ كَثِيرًا ۝

Wa'aadaw wa tsamuuda wa ash-haabar rassi wa quruunan baina dzaalika katsiiraa.

39. Lan marang kaum kabeh mau, Ingsun wus nerangake caritane kaum kang wus kapungkur dadia tepa tuladha. Lan kabeh wus Ingsun rusak babar-pisan nganti tuntas.

٣٩. وَكُلًّا ضَرَبْنَا لَهُ الْأَمْثَالَ ۖ وَكُلًّا تَبَّرْنَا تَتْبِيرًا ۝

Wa kullan dharabnaa lahul amtsaala wa kullan tabbarnaa tatbiiraa.

40. Lan temen wong-wong kafir Quraisy wus padha ngliwati sawijining Negara Sodom kang wus tau katurunan udan watu kang nggegirisi, mula apa meksa isih ora gelem nyumurupi? Satemene wong-wong mau wus ora padha ngarep-arep marang anggone bakal ditangekake saka kubur.

٤٠. وَلَقَدْ أَتَوْا عَلَى الْقَرْيَةِ الَّتِي أُمْطِرَتْ مَطَرَ السَّوْءِ ۚ أَفَلَمْ يَكُونُوا يَرَوْنَهَا ۚ بَلْ كَانُوا لَا يَرْجُونَ نُشُورًا ۝

Walaqad atau 'alal qaryatil latii umthirat matharas-sau', afalam yakuunuu yaraunahaa, bal kaanuu laa yarjuuna nusyuuraa.

41. Lan manawa wong-wong mau padha ndeleng ing sira Muhammad, ing kono sira banjur dianggo pangewan-ewan, pangucape: "Apa iku wong kang kandha dadi Utusane Allah?.

٤١. وَإِذَا رَأَوْكَ إِن يَتَّخِذُونَكَ إِلَّا هُزُوًا أَهَٰذَا الَّذِي بَعَثَ اللَّهُ رَسُولًا ۝

Wa idzaa ra-auka iy-yattakhidzuunaka illaa huzuwaa, ahaadzal ladzii ba'atsal laahu rasuulaa.

715). **Nami satunggaling telaga ingkang sampun asad toyanipun, lan kaum Rass punika nyembah brahala reca, lajeng Allah angutus Nabi Syu'aib a.s.**

42. Meh bae aku kabeh kena disasarake dening dheweke marga nggonku nyembah marang Pangeran kita, saupama kita ora padha sabar anggon kita nyembah marang Pangeran, iku yekti kita wus padha nyimpang". Wong-wong mau bakal padha ngerti ing besuk nalika padha sumurup siksa, sapa kang kasasar dalane.

٤٢. إِنْ كَادَ لَيُضِلُّنَا عَنْ اٰلِهَتِنَا لَوْلَآ اَنْ صَبَرْنَا عَلَيْهَا ۗ وَسَوْفَ يَعْلَمُوْنَ حِيْنَ يَرَوْنَ الْعَذَابَ مَنْ اَضَلُّ سَبِيْلًا ۝

In kaada liyudhillunaa 'an aalihatinaa laulaa an shabarnaa 'alaihaa, wa saufa ya'lamuuna hiina yaraunal 'adzaaba man adhallu sabiilaa.

43. Apa sira sumurup, sapa wong kang mangeran marang hawa nafsune? Apa sira Muhammad dadi wakil tukang njaga dheweke anggone mangeran hawa nafsune mau? (Rak ora ta?).

٤٣. اَرَءَيْتَ مَنِ اتَّخَذَ اِلٰهَهٗ هَوٰىهُ ۗ اَفَاَنْتَ تَكُوْنُ عَلَيْهِ وَكِيْلًا ۝

Ara-aita manittakhadza ilaahahuu hawaahu afa-anta takuunu 'alaihi wakiilaa.

44. Utawa apa sira duwe pangira, manawa akeh-akehe wong mau padha gelem ngrungokake utawa gelem mikir-mikir? Ora liya dheweke iku kajaba mung kaya kewan raja kaya, kapara malah luwih sasar asor dalane tinimbang kewan omahan.

٤٤. اَمْ تَحْسَبُ اَنَّ اَكْثَرَهُمْ يَسْمَعُوْنَ اَوْ يَعْقِلُوْنَ ۗ اِنْ هُمْ اِلَّا كَالْاَنْعَامِ ۗ بَلْ هُمْ اَضَلُّ سَبِيْلًا ۝

Am tahsabu anna aktsarahum yasma-'uuna au ya'qiluuna inhum illaa kal-an'aami bal hum adhallu sabiilaa.

Tandha yekti kuwasaNe Allah ing 'alam kabeh.

45. Apa sira durung sumurup gegaweyane Allah Pangeranira, kepriye PanjenengaNe anggone wus anggelar ayang-ayangan marga anane Srengenge kang Ingsun gawe. Lan saupama dadi kaparenging karsaNe, ayang-ayangan iku tetep teterusan ora obah owah (mesthi kelakon!). Ingsun nuli andadekake Srengenge kanggo nyatakake marang ayang-ayangan mau.

٤٥. اَلَمْ تَرَ اِلٰى رَبِّكَ كَيْفَ مَدَّ الظِّلَّ ۚ وَلَوْ شَآءَ لَجَعَلَهٗ سَاكِنًا ۚ ثُمَّ جَعَلْنَا الشَّمْسَ عَلَيْهِ دَلِيْلًا ۝

Alam tara ilaa rabbika kaifa maddazh zhilla walau syaa-a laja'alahuu saakinaa, tsumma ja'alnasy syamsa 'alaihi daliilaa.

46. Nuli Ingsun regem ayang-ayangan mau kalawan lon-lonan (sathithik saka sathithik).[716]

٤٦. ثُمَّ قَبَضْنٰهُ اِلَيْنَا قَبْضًا يَّسِيْرًا ۝

Tsumma qabadhnaahu ilainaa qabdhay yasiiraa.

716). Ayang-ayangan punika wonten sabab dening sinar saking Surya, manawi Surya wau ing wanci sonten serap sarana alon-alon, ayang-ayangan wau ugi ical mbaka sakedhik. Punika satunggaling pratandha Kakuwaosanipun Allah ingkang anglampahaken Surya lan Rembulan, ingkang mlampahipun nyebabaken wonten ayang-ayangan. Dening Kabudayan bangsa Indonesia, ing Tanah Jawi, damel katingal ing pangangen-angen Wayang kulit utawi Ringgit Wacucal . Manawi ing Ayat punika ayang-ayangan sabab Surya, dene ing Ringgit Wacucal ayang-ayangan Wayang saking Blencong. Ki Dhalang saged lan trampil ngatingalaken saking ayang-ayanganing Masyarakat manungsa, inggih punika watak wantunipun satunggaling lelampahan ringgit wacucal wau.

47. Lan Allah wus ndadekake wengi tumrape sira, minangka dadi sandhangan (alingaling) lan turu iku dadi pangaso; lan wus ndadekake awan kanggo melek kanggo tangimu.

٤٧. وَهُوَ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الَّيْلَ لِبَاسًا وَّالنَّوْمَ سُبَاتًا وَّجَعَلَ النَّهَارَ نُشُورًا ۝

Wa huwal ladzii ja'ala lakumul laila libaasaw wannauma subaataw wa ja'alan nahaara nusyuuraa.

48. Lan PanjenengaNe kang wus ngutus angin dadi bebungah kang ana ing sangarepe sihe (udan). Lan Ingsun wus nurunake banyu kang suci saka Langit.

٤٨. وَهُوَ الَّذِي أَرْسَلَ الرِّيٰحَ بُشْرًا بَيْنَ يَدَيْ رَحْمَتِهٖ وَأَنْزَلْنَا مِنَ السَّمَآءِ مَآءً طَهُورًا ۝

Wa huwal ladzii arsalar riyaaha busyram baina yaday rahmatih, wa anzalnaa minas-samaa-i maa-an thahuuraa.

49. Perlu Sun nggo nguripake Negara (palemahan) kang mati, lan Sun nggo ngombeni barang kang wus Sun titahake, yaiku rajakaya sapirang-pirang lan manungsa kang akeh banget. 717)

٤٩. لِّنُحْيِيَ بِهٖ بَلْدَةً مَّيْتًا وَّنُسْقِيَهٗ مِمَّا خَلَقْنَآ أَنْعَامًا وَّأَنَاسِيَّ كَثِيرًا ۝

Linuhyiya bihii baldatam maytaw wa nusqiyahuu mimmaa khalaqnaa an'aamaw wa anaasiyya katsiiraa.

50. Lan sanyata Ingsun wus nglakokake (ngubengake) mangsane udan mau ana ing antarane para manungsa, supaya padha elinga (syukura!) ni'mat paparingIngsun; ananging

٥٠. وَلَقَدْ صَرَّفْنٰهُ بَيْنَهُمْ لِيَذَّكَّرُوا فَأَبٰى أَكْثَرُ النَّاسِ إِلَّا كُفُورًا ۝

Kadosta Wrekudara, ngatingalaken watak prasaja, bares, adil lan beres. Punakawan Romo Semar, Gareng, Petruk lan Bagong ugi sami ngatingalaken watak polah tingkah ingkang humoris, sarwa lucu nanging saged sembrana parikena. Sadaya lelampahan ing tonil utawi Wayang Purwa punika Seni Budaya ingkang mengku piwucal (nasihat) luhur lan sae. Pramila daya tarikipun tetep aktuil lan ngemu piwucal Agami. Jangkepipun Ki Dhalang ugi lebda ing tembang, gendhing, suluk, wangsalan, lan paribasan sarta prigel sabetanipun, punika andadosaken satunggaling Kabudayan khusus saking Tanah Jawi Tengah lan Kilen. Malah ada-ada ing jaman Pembangunan Nasional, neja badhe anggegesang lan ngrembakakaken sarana ngawontenaken Pawiyatan utawi Akademi Wayang, sabab wontenipun Wayang Purwa punika badhe nyantosaken ambangun Manungsa sawetahipun. Ingkang saestunipun Ringgit Wacucal punika ada-adaning para Wali utawi ahli Da'wah Islamiyah ingkang lebda ing ilmu politik lan strategi Da'wah wau kagungan jangka-luhur, inggih punika ngitik-itik sarta gula-wenthah gesang taqwa ing Allah SWT.

Kados makåten punika luhuring gegayuhanipun para Wali ugi para Pujangga anggenipun mrihatosaken Da'wah Islamiyah sumiyar ngradinaken Berkah, sarta Hidayah - Taufikipun Allah SWT ing Nusantara khususipun lan Donya Internasional umumipun!

717). Falsafat tonya suci saking Langit punika murakabi sanget: sawenehipun nggegesang siti bera/ cengkar, nukulaken wana (ingkang njagi erosi pareden), nuwuhaken tuban (Niagara lan Asahan) dados hydro electrisity, dados unjuk-unjukan seger (Coca Cola perusahaan ageng), ugi sumber saking Redi dados Bengawan (Solo, Musi, Gangga, Nil lan Missisipi), akhiripun dados Samudra (Atlantik, Indonesia, lan India). Toya suci saking Langit wau lajeng malih dados uwab lan mendhung, lajeng dhawah malih ing Bumi, makaten Sunnatullah" utawi pranataning Pangeran ingkang ajeg, boten ewah-ewah salaminipun.

Sumonggo para maos saged manjangaken malih hikmah dumadosipun tonya, hawa, angin, latu, energi lan sanes-sanesipun punika karana Sih Kawelasanipun Allah dhumateng kawulanipun sadaya!

kang akeh para manungsa iku, kajaba nampik, malah padha kafir.

Walaqad sharrafnaahu bainahum liyadzdzakkaruu, fa-abaa aktsarun naasi illaa kufuuraa.

51. Lan saupama wus ana kaparenging karsan Ingsun, mesthi Ingsun ngutus Juru pepeling marang saben-saben Negara.

٥١. وَلَوْ شِئْنَا لَبَعَثْنَا فِي كُلِّ قَرْيَةٍ نَّذِيرًا ۝

Walau syi'naa laba'atsnaa fii kulli qaryatin nadziiraa.

52. Muhammad! sira aja nurut wong kang padha kafir, lan lawanen wong-wong iku nganggo piwulange Quraan sarana jihad tangulangan kang mantep.

٥٢. فَلَا تُطِعِ الْكَافِرِينَ وَجَاهِدْهُم بِهِ جِهَادًا كَبِيرًا ۝

Falaa tuthi'il kaafiriina wajaahid hum bihii jihaadan kabiiraa.

53. Hiya PanjenengaNe Pangeran kang nguja-ngumbar Segara loro sesandhingan, Segara sing iku tawa banget, lan Segara sing iki asin banget. Lan PanjenengaNe andamel letlet (barzah) ana ing antarane Segara loro iku, minangka dadi aling-aling kang nyegah aja nganti ngowahake rasa.

٥٣. وَهُوَ الَّذِي مَرَجَ الْبَحْرَيْنِ هَٰذَا عَذْبٌ فُرَاتٌ وَهَٰذَا مِلْحٌ أُجَاجٌ وَجَعَلَ بَيْنَهُمَا بَرْزَخًا وَحِجْرًا مَّحْجُورًا ۝

Wa huwal ladzii marajal bahraini haadzaa 'adzbun furaatuw wa haadzaa milhun ujaajun waja'ala bainahumaa barzakhaw wa hijram mahjuuraa.

54. Lan PanjenengaNe kang wus nitahake para manungsa saka banyu mani, nuli diwujudake sesanakan lan bebesanan.[718] Dene Pangeranira iku Maha Kawasa.

٥٤. وَهُوَ الَّذِي خَلَقَ مِنَ الْمَاءِ بَشَرًا فَجَعَلَهُ نَسَبًا وَصِهْرًا ۗ وَكَانَ رَبُّكَ قَدِيرًا ۝

Wa huwal ladzii khalaqa minal maa-i basyaran faja'alahuu nasabaw wa shihraa, wa kaana rabbuka qadiiraa.

55. Wong kafir padha nyembah saliyane Allah, kang ora bisa aweh manfa'at, lan ora bisa gawe madharat marang awake, lan wong-wong kafir iku anggone padha duraka marang PangeraNe, sarana lung-tinulung karo syetan.

٥٥. وَيَعْبُدُونَ مِن دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَنفَعُهُمْ وَلَا يَضُرُّهُمْ ۗ وَكَانَ الْكَافِرُ عَلَىٰ رَبِّهِ ظَهِيرًا ۝

Wa ya'buduuna min duunillaahi maa laa yanfa'uhum walaa yadhurruhum, wa kaanal kaafiru 'alaa rabbihii zhahiiraa.

56. Lan Ingsun ora ngutus sira Muhammad, kajaba mung supaya ambebungah lan aweh pepeling.

٥٦. وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا مُبَشِّرًا وَنَذِيرًا ۝

Wamaa arsalnaaka illaa mubasysyiraw wa nadziiraa.

718). Asalipun lapal "**mushaharah**" ingkang maknanipun bebesanan kulawarga sabab saking **nikah**, lajeng tuwuh mara sepuh, mantu, ipe sapiturutipun.

57. Dhawuha sira Muhammad: "Aku ora njaluk upah marang sira kabeh anggonku nekakake pepeling (risalah da'wah) kajaba supaya wong gelem ngambah ana ing dalaning Pangerane.

٥٧- قُلْ مَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِلَّا مَنْ شَآءَ أَنْ يَتَّخِذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلًا ٥

Qul maa as-alukum 'alaihi min ajrin illaa man syaa-a ay-yattakhidza ilaa rabbihii sabiilaa.

58. Lan sira kumandela tawakkal marang Pangeran kang Sugeng (Gesang) kang ora bakal seda, lan Maha Nucekna sarana Memuji ing PanjenengaNe. Lan wus cukup PanjenengaNe kang Maspadakake dosa-dosane para kawulaNe.

٥٨- وَتَوَكَّلْ عَلَى ٱلْحَىِّ ٱلَّذِى لَا يَمُوتُ وَسَبِّحْ بِحَمْدِهِۦ ۚ وَكَفَىٰ بِهِۦ بِذُنُوبِ عِبَادِهِۦ خَبِيرًا ٥

Wa tawakkal 'alal hayyil ladzii laa yamuutu wa sabbih bihamdih, wa kafaa bihii bidzunuubi 'ibaadihii khabiiraa.

59. PanjenengaNe Allah kang wus nitahake pirang-pirang Langit lan Bumi sarta barang kang ana ing antarane, ana ing mangsa Nem dina, tumuli nglenggahi 'Arsye (singangsana). PanjenengaNe kang Maha Murah, mara pitakona prakara mau marang Dzat kang Maha Wikan.

٥٩- ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ ۛ ٱلرَّحْمَٰنُ فَسْـَٔلْ بِهِۦ خَبِيرًا ٥

Alladzii khalaqas samaawaati wal ardha wamaa bainahumaa fii sittati ayyaamin tsummmas-tawaa 'alal 'arsy, arrahmaanu fas-al bihii khabiiraa.

60. Lan manawa didhawuhake marang wong kang padha kafir: Padha sujuda marang Pangeran kang Maha Murah wangsulane: Apa aku padha dikon sujud mung karana prentahmu wae, aku ora weruh sapa kang disujudi? Lan dhawuh mau malah nambahi adohe saka iman!

٦٠- وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ ٱسْجُدُوا۟ لِلرَّحْمَٰنِ قَالُوا۟ وَمَا ٱلرَّحْمَٰنُ أَنَسْجُدُ لِمَا تَأْمُرُنَا وَزَادَهُمْ نُفُورًا ٥ السجدة ٦٠

Wa idzaa qiila lahumus-juduu lirrahmaani qaaluu wamar-rahmaan, anasjudu limaa ta'murunaa wa zaadahum nufuuraa.

61. Maha Berkah Pangeran kang wus agawe Buruj (Lintang-lintang) ana ing Langit, lan ana ing Langit mau, uga wus agawe Diyan (Srengenge) lan Rembulan kang padhang!

٦١- تَبَٰرَكَ ٱلَّذِى جَعَلَ فِى ٱلسَّمَآءِ بُرُوجًا وَجَعَلَ فِيهَا سِرَٰجًا وَقَمَرًا مُّنِيرًا ٥

Tabaarakal ladzii ja'ala fis-samaa-i buruujaw waja'ala fiihaa siraajaw wa qamaram muniiraa.

62. Lan PanjenengaNe kang wus agawe rina lan wengi gilir-gumanti, bisa dadi bukti kupiya tumrap wong kang karep arep eling, utawa karep syukur marang Pangeran.

٦٢- وَهُوَ ٱلَّذِى جَعَلَ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ خِلْفَةً لِّمَنْ أَرَادَ أَنْ يَذَّكَّرَ أَوْ أَرَادَ شُكُورًا ٥

Wa huwal ladzii ja'alal laila wannahaara khilfatal liman araada ay-yadzdzakkara au araada syukuuraa.

Sipat-sipating manungsa kang utama (oleh kamulyan).

63. Mungguh kang diarani para kawulane Allah Gusti kang Maha Murah, iku wong kang mlaku ana ing Bumi, padha prasaja! Lan manawa disaruwe karo wong jahil bodho-bodho, padha mangsuli: Salam! Rahayu!

٦٣- وَعِبَادُ الرَّحْمٰنِ الَّذِيْنَ يَمْشُوْنَ عَلَى الْاَرْضِ هَوْنًا وَّاِذَا خَاطَبَهُمُ الْجٰهِلُوْنَ قَالُوْا سَلٰمًا ۝

Wa 'ibaadur rahmaanil ladziina yamsyuuna 'alal ardhi haunaw wa idzaa khaathabahumul jaahiluuna qaaluu salaamaa.

64. Lan kang padha sujud sarta 'ibadah marang Pangerane, ana ing wayah bengi.[719]

٦٤- وَالَّذِيْنَ يَبِيْتُوْنَ لِرَبِّهِمْ سُجَّدًا وَّقِيَامًا ۝

Walladziina yabiituuna lirabbihim sujjadaw waqiyaamaa.

65. Lan kang padha matur kalawan nenuwun: "Dhuh Pangeran kula! mugi Tuwan nebihna kula saking siksa Jahanam, awit siksa Jahanam wau mbebayani sanget!

٦٥- وَالَّذِيْنَ يَقُوْلُوْنَ رَبَّنَا اصْرِفْ عَنَّا عَذَابَ جَهَنَّمَ ۖ اِنَّ عَذَابَهَا كَانَ غَرَامًا ۝

Walladziina yaquuluuna rabbanashrif 'annaa 'adzaaba jahannam, inna 'adzaabahaa kaana gharaamaa.

---

*). Ayat 63-77 punika manawi kagerba isi **Asta-marga** (Wolung-margi bebuden ingkang **Utami**), inggih punika: 1. Prasaja lan bares ing dalem solah-bawa lan muna-muninipun; boten sumangkeyan lan boten pameran. 2. Yen wanci dalu purun ngedegaken Shalat Tahajjud lan 'ibadah sanes-sanesipun ing Pangeran. 3. Tansah kuwatos siksaning Naraka Jahanam, pramila lajeng nenuwun ing Pangeran supados kawilujengna saking siksa wau. 4. Manawi blanja kangge kaperluaning gesang, kadosta: nedha, nyandhang lan sasaminipun sedhengan, boten kekathahen lan boten kekirangan. 5.(a) boten purun musyrikikaken ing Allah, (b) boten purun adamel pejah utawi siya ing tiyang yen boten wonten sabab ingkang absah, (c) boten purun lampah sedheng (ugal-ugalan) (d) samangsa ngantos nerak dosa margi kalimput dening hawa nafsunipun ingkang ginodha ing iblis, enggal-enggal lajeng purun tobat ing Allah sarta ngathah-athahaken 'amal kasaenan. 6. Boten purun nekseni utawi nenggani lampah gegorohan utawi maksiyatan, lan saupami kapinujon sesarengan kaliyan prakawis nglaha tanpa guna, utawi tiyang ceclemedan manuh sembrana, lajeng purun sumingkir kanthi jatmika. 7. Samangsa dipun pepengeti utawi dipun waosaken Ayat-Ayating Allah, nunten tumungkul khusyu' lan manahipun tumenga. 8. Remen sanget yenta Simahipun lan anak-anakipun saged dados titiyang ingkang sae-sae lan utami, pramila tansah inggih ndedonga tuwin ngreka-daya kadospundi sagedipun kadumugen punapa ingkang cinipta. Artosipun inggih boten badhe kasupen, mrihatosaken Simah lan anak-ipun wau, murih sagedipun dados sae lan prayogi, punapa dene awakipun piyambak, tansah inggih kaperdi sagedipun dados pemimpin utawi panuntuning titiyang sami taqwa lan bekti ing Allah, tegesipun: awakipun wau dipun persudi sagedipun langkung taqwanipun ing Allah, tinimbang titiyang sanes-sanesipun. **Wallaahu a'lam!**

719). Inggih punika nindakaken kautamen shalat tahajjud ing wanci dalu muhung karana **Allah**, nyuwun Pitulung (Taufik) lan Pitedah (Hidayah) saking ngarsa dalem Allah SWT. Tumindak kautamen punika tindakipun para Andika Nabi, para Pemimpin, para Ulama, para Guru, Professor lan Dosen saking doktrin (piwucal tetep) Islam. Dados **prihatos** punika nindakaken **Shalat** Tahajjud, Siyam dinten Senen-Kemis, maos Quraan, Sedhekah lan sanes-sanesipun **'amal shaleh** ing jaman sapunika sarana **tirakat modern** (jahit rasukan piyambak, masak piyambak, **resik**-resik piyambak, gemi nastiti ngati-ati, sarwa tumindak budi pekerti utama sarta **wiraswasta!**

66. Saestu Jahanam wau awon-awonipun papan pakendelan tuwin kalanggengan.

٦٦- إِنَّهَا سَآءَتْ مُسْتَقَرًّا وَّمُقَامًا ٥

Innahaa saa-at mustaqarraw wa muqaamaa.

67. Lan manawa padha blanja kanggo perluning urip, ora padha keluwihan lan ora padha kekurangen; ananging jejeg (tengah-tengah) antarane luwih lan kurang!

٦٧- وَالَّذِيْنَ إِذَآ أَنْفَقُوْا لَمْ يُسْرِفُوْا وَلَمْ يَقْتُرُوْا وَكَانَ بَيْنَ ذٰلِكَ قَوَامًا ٥

Walladziina idzaa anfaquu lam yusrifuu walam yaqturuu wa kaana baina dzaalika qawaamaa.

68. Lan kang ora padha gelem andedonga marang Pepundhen liya nartani Allah, lan ora padha gelem mateni, kajaba sarana sabab kang bener, lan ora padha gelem zina. Dene sapa kang nindakake mangkono (salah sawijining prakara telu) mau, mesthi tumiba ing dosa!

٦٨- وَالَّذِيْنَ لَا يَدْعُوْنَ مَعَ اللّٰهِ إِلٰهًا اٰخَرَ وَلَا يَقْتُلُوْنَ النَّفْسَ الَّتِيْ حَرَّمَ اللّٰهُ إِلَّا بِالْحَقِّ وَلَا يَزْنُوْنَ ۚ وَمَنْ يَّفْعَلْ ذٰلِكَ يَلْقَ اَثَامًا ٥

Walladziina laa yad'uuna ma'allaahi ilaahan aakhara walaa yaqtuluunan nafsal latii harramallaahu illaa bilhaqqi walaa yaznuun, wamay yaf'al dzaalika yalqa atsaamaa.

69. Besuk dina Qiyamat, dheweke siksane bakal ditikelake sarta langgeng ana ing kono sarana nistha!

٦٩- يُّضٰعَفْ لَهُ الْعَذَابُ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ وَيَخْلُدْ فِيْهٖ مُهَانًا ٥

Yudhaa'af lahul 'adzaabu yaumal qiyaamati wa yakhlud fiihi muhaanaa.

70. Kajaba kang gelem tobat lan iman sarta nindakake 'amal kebecikan, alane dheweke bakal dilironi kabecikan dening Allah. Awit Allah iku kang Maha Ngapura, Maha Asih.

٧٠- إِلَّا مَنْ تَابَ وَاٰمَنَ وَعَمِلَ عَمَلًا صَالِحًا فَأُولٰٓئِكَ يُبَدِّلُ اللّٰهُ سَيِّاٰتِهِمْ حَسَنٰتٍ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ٥

Illaa man taaba wa aamana wa 'amila shaalihan fa-ulaa-ika yubaddilul laahu sayyi-aatihim hasanaat, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

71. Lan sapa kang gelem tobat sarta nindakake kabecikan, mesthi dheweke bakal sowan marang ngarsaning Allah, sarana oleh pangapuraNe.

٧١- وَمَنْ تَابَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَإِنَّهٗ يَتُوْبُ إِلَى اللّٰهِ مَتَابًا ٥

Waman taaba wa 'amila shaalihan fainnahuu yatuubu ilallaahi mataabaa.

72. Lan kang ora padha gelem nekseni utawa nunggoni gegorohan. Lan manawa padha mlaku bebarengan barang nglaha, padha mlaku sumingkir sarana jatmika, tansah becik tindąk-tanduke.

٧٢. وَالَّذِينَ لَا يَشْهَدُونَ الزُّورَ وَإِذَا مَرُّوا بِاللَّغْوِ مَرُّوا كِرَامًا ۝

Walladziina laa yasyhaduunaz zuur, wa idzaa marruu billaghwi marruu kiraamaa.

73. Lan kang manawa padha dielingake (diwacakake) Ayat-ayating PangeraNe, ora padha dhungkluk mbudheglan micak, nanging padha dhungkluk khusyu' (anggatekake).

٧٣. وَالَّذِينَ إِذَا ذُكِّرُوا بِآيَاتِ رَبِّهِمْ لَمْ يَخِرُّوا عَلَيْهَا صُمًّا وَعُمْيَانًا ۝

Walladziina idzaa dzukkiruu bi-aayaati rabbihim lam yakhirruu 'alaihaa shummaw wa 'umyaanaa.

74. Lan kang padha matur: "Dhuh Pangeran kula! mugi Tuwan Paringa dhumateng kula karesepaning mripat ningali dhateng semah-semah kula lan anak-anak kula, lan mugi Tuwan ndadosna kula, dados panutaning para murtaqiin (tiyang ingkang sami ajrih ing Tuwan)."

٧٤. وَالَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا ۝

Walladziina yaquuluuna rabbanaa hab lanaa min azwaajinaa wa dzurriyyaatinaa qurrata a'yuniw waj'alnaa lilmuttaqiina imaamaa.

75. Wong kang mangkono mau, bakal padha diganjar Suwarga luhur, sabab anggone wus padha sabar, lan ana ing kono bakal padha nampa Reruba (Pakurmatan) lan Karahayon!

٧٥. أُولَٰئِكَ يُجْزَوْنَ الْغُرْفَةَ بِمَا صَبَرُوا وَيُلَقَّوْنَ فِيهَا تَحِيَّةً وَسَلَامًا ۝

Ulaa-ika yujzaunal ghurfata bimaa shabaruu wa yulaqqauna fiihaa tahiyyataw wa salaamaa.

76. Ana ing kono bakal padha langgeng, Suwarga mau becik-beciking papan palerenan lan kalanggengan.

٧٦. خَالِدِينَ فِيهَا حَسُنَتْ مُسْتَقَرًّا وَمُقَامًا ۝

Khaalidiina fiihaa, hasunat mustaqarraw wa muqaamaa.

77. Muhammad! dhawuha: "Pangeranku ora bakal merduli marang sira, saupama ora ana pangibadah utawa pandonganira marang PanjenengaNe, ing mangka sira wus padha nggorohake; mesthi wae siksaNe bakal nempuh marang sira".
***)

٧٧. قُلْ مَا يَعْبَأُ بِكُمْ رَبِّي لَوْلَا دُعَاؤُكُمْ ۖ فَقَدْ كَذَّبْتُمْ فَسَوْفَ يَكُونُ لِزَامًا ۝

Qul maa ya'ba-u bikum rabbii laulaa du'aa-ukum, faqad kadzdzabtum fasaufa yakuunu lizaamaa.

***). **Panutuping katerangan ingkang sawatawis wigatos, inggih punika nyinahu tandhingan (comperative study) saking surat Al Furqaan kaliyan surat Asy Syu'ara kados kasebat punika:**

1. Wonten ing surat Al Furqaan anerangaken bab Ka-Esa-anipun Gusti Allah sarta Ka Nabi-anipun Muhammad s.a.w. lan sawatawis kawontenan ing benjing dinten Qiyamat. Lumampah

sarta owah gingsiring 'Alamiyah ingkang gumelar ing alam Donya punika anedahaken Wiyaring Ilmu sarta Agenging Panguwaosing Allah Swt ingkang sadaya wau hikmahipun nuwuhaken warni-warni ilmu sosial lan ilmu eksakta, ingkang manungsa saged nyonto kados pundi sadaya makhluk sampun lumampah ing pranatan-pranatan, ukuran-ukuran, lan susunan-susunan ingkang fundamental, ingkang kawastanan **Sunnatullah.**

2. Dene ing surat Asy Syu'ara ugi sawatawis anyriosaken sejarah para Andika Nabi. Sarta ing kakalihipun surat wau sami-sami nerangaken bilih Kitab Al Quraan punika dados Oboring Jagad-royo, dados padoman lan pitedah tumrap sadaya 'alam, langkung-langkung tumraping manungsa ingkang dados Khalifatullah ing Bumining Allah!

ASY SYU'ARA' (PARA PUJANGGA)

Surat kaping 26 : 227 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 197 lan saka ayat 224 nganti entek-entekaning surat kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Al Waaqi'ah.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Panglipur tumrap Muhammad s.a.w. sabab kaum musyrikin padha ingkar.

1. Thaa Siim Miim (Hamung Allah pribadi kang Uninga maksude).

١ - طٰسٓمٓ ۝

Thaa Siim Miim.

2. Iki, Ayat-ayating Kitab Al Quraan kang tetela cetha!

٢ - تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ۝

Tilka aayaatul kitaabil mubiin.

3. Muhammad! mengko gek sira kalakon agawe rusake awakira dhewe, marga wong-wong Mekkah ora padha gelem Mu'min: O, aja mangkono!

٣ - لَعَلَّكَ بَاخِعٌ نَّفْسَكَ اَلَّا يَكُوْنُوْا مُؤْمِنِيْنَ ۝

La'allaka baakhi'un nafsaka allaa yakuu-nuu mu'miniin.

4. Manawa dadi kaparengIng karsanIng-sun, sayekti Ingsun nurunake tandha bukti saka Langit, ing kono gulu-gulune wong-wong mau padha ndhungkluk tundhuk marang mu'jizat tandha bukti mau.

٤ - اِنْ نَّشَاْ نُنَزِّلْ عَلَيْهِمْ مِّنَ السَّمَآءِ اٰيَةً فَظَلَّتْ اَعْنَاقُهُمْ لَهَا خٰضِعِيْنَ ۝

In nasya' nunazzil 'alaihim minas-sa-maa-i aayatan fazhallat a'naaquhum lahaa khaadhi'iin.

٥ - وَمَا يَأْتِيهِم مِّن ذِكْرٍ مِّنَ الرَّحْمَٰنِ مُحْدَثٍ إِلَّا كَانُوا عَنْهُ مُعْرِضِينَ ٥

5. Lan babar pisan ora tumeka marang wong-wong mau pepeling anyar (Al Quraan) saka ngarsaning Pangeran kang Maha Murah, ing kono ora ana maneh, kajaba padha malengos ngempreti marang pepeling mau.

Wamaa ya'tiihim min dzikrim minar-rahmaani muhdatsin illaa kaanuu 'anhu mu'ridhiin.

٦ - فَقَدْ كَذَّبُوا فَسَيَأْتِيهِمْ أَنبَٰٓؤُا مَا كَانُوا بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ٥

6. Temen dheweke wus padha maido marang Al Quraan (lan Muhammad), sayekti ing tembe bakal padha weruh dhewe, katerangane kabeh kang wus padha disepelekake.

Faqad kadzdzabuu fasaya'tiihim anbaa-u maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

٧ - أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَى ٱلْأَرْضِ كَمْ أَنۢبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ زَوْجٍ كَرِيمٍ ٥

7. Apa dheweke ora padha ndeleng Bumi, pira kehe warna-warnane thethukulan kang becik tur endah-endah, Ingsun thukulake ana ing kono.

Awalam yarau ilal ardhi kam ambatnaa fiihaa min kulli zaujin kariim.

٨ - إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ٥

8. Satemene kang mangkono mau, dadi tandha yekti (kakuwasaaning Allah), lan akeh-akehe wong-wong iku ora padha iman.

Inna fii dzaalika la-aayaah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

٩ - وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ۝

9. Lan satemene Pangeranira iku yekti kang Maha Gagah tur Maha Asih.

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Nabi Musa a.s. kadhawuhan da'wah marang Raja Fir'aun.

١٠ - وَإِذْ نَادَىٰ رَبُّكَ مُوسَىٰٓ أَنِ ٱئْتِ ٱلْقَوْمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝

10. Lan elinga sira Muhammad! nalika Pangeranira nimbali Musa, PangandikaNe: "Sira nekanana da'wah kaum kang padha nganiaya,

Wa-idz naadaa rabbuka muusaa ani'til qaumadzh zhaalimiin.

١١ - قَوْمَ فِرْعَوْنَ ۚ أَلَا يَتَّقُونَ ٥

11. Yaiku kaume Fir'aun, yagene dheweke kok ora taqwa marang Allah".

Qauma fir'aun, alaa yattaquun.

١٢ - قَالَ رَبِّ إِنِّىٓ أَخَافُ أَن يُكَذِّبُونِ ۝

12. Musa munjuk: "Dhuh Pangeran kawula! saestunipun kawula ajrih manawi tetiyang wau sami maiben,

Qaala rabbi innii akhaafu ay yukadz-dzibuun.

13. Lan dados rupeg dhadha kula, tuwin lesan kula kithal boten saged wicanten. Jalaran saking punika mugi Paduka ngutusa Harun, supados dados pembantu kula!

١٣- وَيَضِيقُ صَدْرِي وَلَا يَنْطَلِقُ لِسَانِي فَأَرْسِلْ إِلَىٰ هَارُونَ ٥

Wa yadhiiqu shadrii walaa yanthaliqu lisaanii fa-arsil ilaa haaruun.

14. Lan malih kula gadhah kalepatan 720) dhumateng tetiyang wau (jalaran Musa wus tau mateni wong Qibti) mila kula ajrih manawi dipun pejahi dening tetiyang wau".

١٤- وَلَهُمْ عَلَيَّ ذَنْبٌ فَأَخَافُ أَنْ يَقْتُلُونِ ٥

Wa lahum 'alayya dzanbun fa-akhaafu ay yaqtuluun.

15. Allah ngandika: "Sira aja wedi mangkono! sira sakaloron padha mangkata kalawan ngampil tandha yektinIngsun, satemene PanjenenganIngsun kang nartani sira wong loro, tur Midhangetake!

١٥- قَالَ كَلَّا ۖ فَاذْهَبَا بِآيَاتِنَا ۖ إِنَّا مَعَكُمْ مُسْتَمِعُونَ ٥

Qaala kallaa, fadzhabaa bi-aayaatinaa innaa ma'akum mustami'uun.

16. Sira sakaloron banjur nekanana Fir'aun sarta ngakuwa: "Saestunipun kula punika Utusanipun Pangeraning 'alam sadaya,

١٦- فَأْتِيَا فِرْعَوْنَ فَقُولَا إِنَّا رَسُولُ رَبِّ الْعَالَمِينَ ٥

Fa'tiyaa fir'auna faquulaa innaa rasuulu rabbil 'aalamiin.

17. Panjenengan ngluwarana, mardikakaken tetiyang Bani Israil sasarengan kesah kaliyan kula dhateng Negari Syam".

١٧- أَنْ أَرْسِلْ مَعَنَا بَنِي إِسْرَائِيلَ ٥

An arsil ma'anaa banii israa-iil.

Wawancara antarane Musa a.s. lan Fir'aun.

18. Fir'aun mangsuli: "Apa aku durung ngopeni sira, nalika isih cilik, sarta sira manggon ana ing panggonanku nganti tatahunan? 721)

١٨- قَالَ أَلَمْ نُرَبِّكَ فِينَا وَلِيدًا وَلَبِثْتَ فِينَا مِنْ عُمُرِكَ سِنِينَ ٥

Qaala alam nurabbika fiinaa waliidaw walabitsta fiinaa min 'umurika siniin.

19. Sira banjur nindakake panggawe dosa, kang sira lakoni, mateni wong Qibti, ing wusana saiki sira ora ngrumangsani kabecikanku".

١٩- وَفَعَلْتَ فَعْلَتَكَ الَّتِي فَعَلْتَ وَأَنْتَ مِنَ الْكَافِرِينَ ٥

Wa fa'alta fa'latakal latii fa'alta wa anta minal kaafiriin.

720). Miturut anggepanipun tiyang Mesir kalepatan (dosa)nipun Musa kedah dipun hukum pati. Estunipun boten makaten, Musa satunggaling nem-neman nedheng-nedhengipun remen tetulung salugu misah tiyang Mesir kekerengan kaliyan tiyang Bani Israil (ingkang kaangep tiyang ina — jajahan), boten sengaja tiyang Mesir wau dumugining pejah. Mirsanana ayat: 15 Surat Al Qashas.

721). Kirang langkung 18 tahun laminipun Nabi Musa a.s. dipun pundhut putra angkat Raja Firaun.

20. Wangsulane Musa: "Kula nindakaken ingkang makaten wau jalaran kala samanten kula taksih kalebet golonganipun tetiyang kekilapan klentu".

٢٠. قَالَ فَعَلْتُهَآ إِذًا وَّأَنَا مِنَ الضَّآلِّيْنَ ۝

Qaala fa'altuhaa idzaw wa ana minadh dhaalliin.

21. Sareng kula rumaos ajrih dhumateng panjenengan kula lajeng kesah. Wusana Pangeran sesembahan kula lajeng paring kawicaksanan sarta kula kadadosaken golonganipun para Rasul.

٢١. فَفَرَرْتُ مِنْكُمْ لَمَّا خِفْتُكُمْ فَوَهَبَ لِيْ رَبِّيْ حُكْمًا وَّجَعَلَنِيْ مِنَ الْمُرْسَلِيْنَ ۝

Fafarartu minkum lammaa khiftukum fawahaba lii rabbii hukmaw wa ja'alanii minal mursaliin.

22. Lan punapa punika kani'matan ingkang sampun panjenengan paringaken dhateng kula, inggih punika panjenengan andadosaken abdi jajahan tetiyang Bani Israil?".

٢٢. وَتِلْكَ نِعْمَةٌ تَمُنُّهَا عَلَيَّ أَنْ عَبَّدْتَّ بَنِيْٓ إِسْرَآءِيْلَ ۝

Wa tilka ni'matun tamunnuhaa 'alayya an 'abbad-ta banii israa-iil.

23. Fir'aun pitakon: "Pangerane kabeh 'alam iku sapa?".

٢٣. قَالَ فِرْعَوْنُ وَمَا رَبُّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Qaala fir'aunu wamaa rabbul 'aalamiin.

24. Wangsulane Musa: "Pangeraning Langit lan Bumi, sarta sadaya saisinipun, manawi pancen panjenengan yakin".

٢٤. قَالَ رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَآ إِنْ كُنْتُمْ مُّوْقِنِيْنَ ۝

Qaala rabbus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa in-kuntum muuqiniin.

25. Pangucape Fir'aun marang wong-wong kang ngadhep ana ing sakiwa tengene: "Apa sira krungu wangsulane Musa?".

٢٥. قَالَ لِمَنْ حَوْلَهٗٓ أَلَا تَسْتَمِعُوْنَ ۝

Qaala liman haulahuu alaa tastami'uun.

26. Musa ngandika maneh: "Allah punika Pangeran panjenengan, tuwin Pangeranipun leluhur panjenengan tetiyang kina".

٢٦. قَالَ رَبُّكُمْ وَرَبُّ اٰبَآئِكُمُ الْأَوَّلِيْنَ ۝

Qaala rabbukum wa rabbu aabaa-ikumul awwaliin.

27. Fir'aun ngucap: "Satemene Rasul kang diutus marang sira iku temenan wong owah akale".

٢٧. قَالَ إِنَّ رَسُوْلَكُمُ الَّذِيْٓ أُرْسِلَ إِلَيْكُمْ لَمَجْنُوْنٌ ۝

Qaala inna rasuulakumul ladzii ursila ilaikum lamajnuun.

28. Musa ngandika maneh: "Allah punika Pangeraning Wetan lan Kilen, tuwin sadaya ingkang wonten ing antawisipun, manawi panjenengan sami saged ngakal-akal".

٢٨- قَالَ رَبُّ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ وَمَا بَيْنَهُمَا إِنْ كُنْتُمْ تَعْقِلُونَ ۝

Qaala rabbul masyriqi wal maghribi wa maa bainahumaa, in-kuntum ta'qiluun.

29. Fir'aun ngucap maneh: "Satemene manawa sira nganggep Pangeran saliyane aku, mesthi sira dak dadekake golongane wong-wong kang dikunjara".

٢٩- قَالَ لَئِنِ اتَّخَذْتَ إِلَٰهًا غَيْرِي لَأَجْعَلَنَّكَ مِنَ الْمَسْجُونِينَ ۝

Qaala la-init takhadzta ilaahan ghairii la-aj'alannaka minal masjuuniin.

30. Wangsulane Musa: "Punapa sanajana kula saged andhatengaken dhateng panjenengan: tandha yekti ingkang nyata, punapa inggih tetap badhe dipun kunjara?".

٣٠- قَالَ أَوَلَوْ جِئْتُكَ بِشَيْءٍ مُبِينٍ ۝

Qaala awalau ji'tuka bisyai-im mubiin.

31. Fir'aun mangsuli: "Mara tekakna tandha yekti kang nyata iku, yen pancen sira golongane wong-wong kang temen".

٣١- قَالَ فَأْتِ بِهِ إِنْ كُنْتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ۝

Qaala fa'ti bihii in-kunta minash shaadiqiin.

32. Ing kono Musa banjur nguncalake tekene, dadakan sakala iku teken mau dadi ula temenan.

٣٢- فَأَلْقَىٰ عَصَاهُ فَإِذَا هِيَ ثُعْبَانٌ مُبِينٌ ۝

Fa-alqaa 'ashaahu fa-idzaa hiya tsu'baanum mubiin.

33. Lan Musa ngetokake tangane dumadakan katon mancorong putih mblerengi wong-wong kang ndeleng.

٣٣- وَنَزَعَ يَدَهُ فَإِذَا هِيَ بَيْضَاءُ لِلنَّاظِرِينَ ۝

Wa naza'a yadahuu fa-idzaa hiya baidhaa-u linnaazhiriin.

34. Fir'aun ngucap marang para panggedhene kang ana ing sakiwa-tengene: "Satemene Musa iki ahli sihir kang pinter.

٣٤- قَالَ لِلْمَلَإِ حَوْلَهُ إِنَّ هَٰذَا لَسَاحِرٌ عَلِيمٌ ۝

Qaala lil-mala-i haulahuu inna haadzaa lasaahirun 'aliim.

35. Kang duwe maksud arep nundhung sira saka Negaranira kene kalawan kapinterane ilmu sihir. Banjur apa kang sira usulake marang aku?"

٣٥- يُرِيدُ أَنْ يُخْرِجَكُمْ مِنْ أَرْضِكُمْ بِسِحْرِهِ فَمَاذَا تَأْمُرُونَ ۝

Yuriidu ay yukhrijakum min ardhikum bisihrihii, famaa dzaa ta'muruun.

36. Para panggedhe matur: "Piyambakipun tuwin sadherekipun mugi panjenengan sarantosaken rumiyin, sarta sapunika mugi paringa dhawuh ngempalaken titiyang saking pundi-pundi, dhateng Negari ngriki.

٣٦- قَالُوٓا۟ أَرْجِهْ وَأَخَاهُ وَٱبْعَثْ فِى ٱلْمَدَآئِنِ حَٰشِرِينَ ۝

Qaaluu arjih wa akhaahu wab'ats fil madaa-ini haasyiriin.

37. Supados sami nyowanaken sadaya ahli sihir ingkang pinter dhumateng panjenengan".

٣٧- يَأْتُوكَ بِكُلِّ سَحَّارٍ عَلِيمٍ ۝

Ya'tuuka bikulli sahhaarin 'aliim.

38. Para ahli sihir nuli dikumpulake ana ing waktu kang katamtokake.722)

٣٨- فَجُمِعَ ٱلسَّحَرَةُ لِمِيقَٰتِ يَوْمٍ مَّعْلُومٍ ۝

Fajumi'as saharatu limiiqaati yaumim ma'luum.

39. Lan didhawuhake marang wong akeh: "Enggal-enggal sira padha kumpulna!" 723)

٣٩- وَقِيلَ لِلنَّاسِ هَلْ أَنتُم مُّجْتَمِعُونَ ۝

Wa qiila linnaasi hal antum mujtami'uun.

40. mBok manawa sira melu marang para ahli sihir manawa dheweke bisa unggul"

٤٠- لَعَلَّنَا نَتَّبِعُ ٱلسَّحَرَةَ إِن كَانُوا۟ هُمُ ٱلْغَٰلِبِينَ ۝

La'allanaa nattabi'us saharata in kaanuu humul ghaalibiin.

41. Sawuse para ahli sihir padha ngadhep, banjur munjuk marang Fir'aun: "Punapa kula sami badhe tampi ganjaran manawi kula saged unggul?"

٤١- فَلَمَّا جَآءَ ٱلسَّحَرَةُ قَالُوا۟ لِفِرْعَوْنَ أَئِنَّ لَنَا لَأَجْرًا إِن كُنَّا نَحْنُ ٱلْغَٰلِبِينَ ۝

Falammaa jaa-as saharatu qaaluu lifir'auna a-inna lanaa la-ajran in kunnaa nahnul ghaalibiin.

42. Fir'aun mangsuli: "Hiya, lan yen mangkono sira dadi golongane wong-wong kang cedhak marang aku".

٤٢- قَالَ نَعَمْ وَإِنَّكُمْ إِذًا لَّمِنَ ٱلْمُقَرَّبِينَ ۝

Qaala na'am wa innakum idzal laminal muqarrabiin.

43. Musa ngendika marang para ahli sihir: "Mara sira padha nguncalna barang kang arep sira uncalake".

٤٣- قَالَ لَهُم مُّوسَىٰٓ أَلْقُوا۟ مَآ أَنتُم مُّلْقُونَ ۝

Qaala lahum muusaa alquu maa antum mulquun.

722). Inggih dinten Riyadi ing Negeri Mesir wekdal samanten, dipun tindakaken ing wanci enjang.

723). Titiyang Mesir wau gadhah pangajeng-ajeng sanget supados tiyang ahli sihir Mesir ingkang badhe Menang!

٤٤ - فَأَلْقَوْا حِبَالَهُمْ وَعِصِيَّهُمْ وَقَالُوا بِعِزَّةِ فِرْعَوْنَ إِنَّا لَنَحْنُ الْغَالِبُونَ ۝

44. Para ahli sihir mau nuli nguncalake dhadhung lan tekene sarta ngucap: "Demi kamulyaning Fir'aun, yekti kita kang bakal menang".

Fa-alqau hibaalahum wa 'ishiyyahum wa qaaluu bi'izzati fir'auna innaa lanahnul ghaalibuun.

٤٥ - فَأَلْقَىٰ مُوسَىٰ عَصَاهُ فَإِذَا هِيَ تَلْقَفُ مَا يَأْفِكُونَ ۝

45. Musa uga banjur nguncalake tekene, dumadakan banjur nguntali kabeh gegaweane ahli sihir mau.

Fa-alqaa muusaa 'ashaahu fa-idzaa hiya talqafu maa ya'fikuun.

٤٦ - فَأُلْقِيَ السَّحَرَةُ سَاجِدِينَ ۝

46. Para ahli sihir iku banjur padha njungkel sujud kabeh marang ngarsa dalem Allah.

Fa-ulqiyas saharatu saajidiin.

٤٧ - قَالُوا آمَنَّا بِرَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

47. Wong-wong mau padha matur: "Kita pitados dhumateng Pangeraning sadaya 'alam Jagad Raya!"

Qaaluu aamannaa birabbil 'aalamiin.

٤٨ - رَبِّ مُوسَىٰ وَهَارُونَ ۝

48. Inggih punika Pangeranipun Musa lan Harun".

Rabbi muusaa wa haaruun.

٤٩ - قَالَ آمَنتُمْ لَهُ قَبْلَ أَنْ آذَنَ لَكُمْ ۖ إِنَّهُ لَكَبِيرُكُمُ الَّذِي عَلَّمَكُمُ السِّحْرَ ۖ فَلَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ۚ لَأُقَطِّعَنَّ أَيْدِيَكُمْ وَأَرْجُلَكُم مِّنْ خِلَافٍ وَلَأُصَلِّبَنَّكُمْ أَجْمَعِينَ ۝

49. Fir'aun ngucap: "Apa sira percaya marang Musa sadurunge oleh palilahku? Yen mangkono dheweke iku panggedhenira kang wus mulang sihir marang sira. Titenana! Temen sira bakal sumurup, mesthi dak kethok tangan lan sikilira diselang-seling, lan temen sira bakal dak tanjir (salib) kabeh".

Qaala aamantum lahuu qabla an aadzana lakum, innahuu lakabiirukumul ladzii 'allamakumus sihr, falasaufa ta'lamuun, la-uqaththi'anna aidiyakum wa arjulakum min khilaafiw wala-ushallibannakum ajma'iin.

٥٠ - قَالُوا لَا ضَيْرَ ۖ إِنَّا إِلَىٰ رَبِّنَا مُنقَلِبُونَ ۝

50. Para ahli sihir padha matur: "Boten dados punapa, amargi boten wande kula sadaya badhe sowan ing ngarsaning Allah Pangeran kula.

Qaaluu laa dhaira innaa ilaa rabbinaa munqalibuun.

٥١ - إِنَّا نَطْمَعُ أَن يَغْفِرَ لَنَا رَبُّنَا خَطَايَانَا أَن كُنَّا أَوَّلَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

51. Sayektosipun kula sami ngajeng-ajeng ing Pangeran kula, karsaha paring pangaksama ing kalepatan kula, jalaran kula sami ngrumiyini dados tiyang Mu'min".

Innaa nathma'u ay yaghfira lanaa rabbunaa khathaayaanaa an-kunnaa awwalal mu'miniin.

Dhawuhing Allah SWT marang Musa a.s. supaya nylametake Bani Israil.

52. Lan Ingsun paring wahyu dhawuh marang Musa: "Sira budhala ana ing wayah bengi iki kalawan para kawulanIngsun, awit mengko sira bakal padha dititututi dening Fir'aun sawadyabalane".

٥٢ - وَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنْ أَسْرِ بِعِبَادِي إِنَّكُم مُّتَّبَعُونَ ٥

Wa auhainaa ilaa muusaa an asri bi'ibaadii innakum muttaba'uun.

53. Fir'aun nuli dhawuh supaya ngumpulake wadiyabalaning Negara.

٥٣ - فَأَرْسَلَ فِرْعَوْنُ فِي الْمَدَآئِنِ حَٰشِرِينَ ٥

Fa-arsala fir'aunu fil madaa-ini haasyiriin.

54. Pangucape Fir'aun: "Satemene'kaume Musa iku mung golongan sathithik.

٥٤ - إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ لَشِرْذِمَةٌ قَلِيلُونَ ٥

Inna haa-ulaa-i lasyirdzimatun qaliiluun.

55. Ewa samono dheweke wus padha nindakake pagawean kang gawe muring marang aku.

٥٥ - وَإِنَّهُمْ لَنَا لَغَآئِظُونَ ٥

Wa innahum lanaa laghaa-bizhuun.

56. Lan temen aku kabeh golongan kang kudu siaga jaga-jaga".

٥٦ - وَإِنَّا لَجَمِيعٌ حَٰذِرُونَ ٥

Wa innaa lajamii'un haadziruun.

57. Dhawuhing Allah: "Ingsun nuli nundhung 724) wong-wong mau (Fir'aun sawadiya balane) saka kebon-kebon lan sumberane.

٥٧ - فَأَخْرَجْنَٰهُم مِّن جَنَّٰتٍ وَعُيُونٍ ٥

Fa-akhrajnaahum min jannaatiw wa 'uyuun.

58. Lan saka gedhong rajabrana sarta panggonan kang becik-becik.

٥٨ - وَكُنُوزٍ وَمَقَامٍ كَرِيمٍ ٥

Wa kunuuziw wa maqaamin kariim.

59. Kaya mangkono iku Ingsun marisake rajabrana lan kawibawane Negara Mesir marang Bani Israil".

٥٩ - كَذَٰلِكَ وَأَوْرَثْنَٰهَا بَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ ٥

Kadzaalika wa auratsnaahaa banii israaiil.

724). Raja Fir'aun sawadyabala sasampunipun siaga amirantos dedamel lajeng nututi Musa-Harun lan Bani Israil, Fir'aun sawadyabala medal saking Kraton, villa-villa, taman-taman gembira loka sarta taman-taman sari pasiraman, sorakipun ambata rubuh, ngendel-endelaken aji adigang-adigung-adiguna, ananging sami boten rumaos, malah nyatanipun nilar Kraton, kaagungan sarta kawibawanipun, ing wusana dipun kelem dening Allah sarana kawontenan tragis, sirna klelep ing Samodera Abrit, makaten intisari ayat: 57 - 68 surat punika.

60. Kaume (wadiyabalane) Fir'aun nuli nglacak kaume Musa ana ing wayah Srengenge mlethek.

٦٠- فَأَتْبَعُوهُم مُّشْرِقِينَ ۝

Fa-atba'uuhum musyriqiin.

61. Bareng golongan loro mau wus adu arep, ing kono para Sekabate Musa nuli matur: "Sayektosipun kula sadaya tamtu katututan".

٦١- فَلَمَّا تَرَاءَى الْجَمْعَانِ قَالَ أَصْحَابُ مُوسَىٰ إِنَّا لَمُدْرَكُونَ ۝

Falammaa taraa-al jam'aani qaala ashhaabu muusaa innaa lamudrakuun.

62. Musa ngandika: "Ora, jalaran satemene Pangeranku angenteni aku, bakal paring pituduh marang aku".

٦٢- قَالَ كَلَّا ۖ إِنَّ مَعِيَ رَبِّي سَيَهْدِينِ ۝

Qaala kallaa, inna ma'iya rabbii sayahdiin.

63. Ingsun nuli paring wahyu marang Musa: "Tekenira sabetna ing Segara!" Wusana banyune Segara iku sumilak sapanthapantha, dhuwure sa Gunung-Gunung".

٦٣- فَأَوْحَيْنَا إِلَىٰ مُوسَىٰ أَنِ اضْرِب بِّعَصَاكَ الْبَحْرَ ۖ فَانفَلَقَ فَكَانَ كُلُّ فِرْقٍ كَالطَّوْدِ الْعَظِيمِ ۝

Fa-auhainaa ilaa muusaa anidh-rib bi'ashaakal bahra, fanfalaqa fakaana kullu firqin kaththaudil 'azhiim.

64. Lan Ingsun nyerakake kaum liyane (kaume Fir'aun) nurutake tapake kaume Musa.

٦٤- وَأَزْلَفْنَا ثَمَّ الْآخَرِينَ ۝

Wa azlafnaa tsammal aakhariin.

65. Lan Ingsun nylametake Musa dalah sapendhereke kabeh.

٦٥- وَأَنجَيْنَا مُوسَىٰ وَمَن مَّعَهُ أَجْمَعِينَ ۝

Wa anjainaa muusaa wamam ma'ahuu ajma'iin.

66. Ingsun banjur ngeremake kaume Fir'aun.

٦٦- ثُمَّ أَغْرَقْنَا الْآخَرِينَ ۝

Tsumma aghraqnal aakhariin.

67. Satemene kang mangkono iku dadi tandha yekti, ananging akeh-akehe wong, ora padha gelem percaya.

٦٧- إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Inna fii dzaalika la-aayah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

68. Lan satemene Pangeranira iku kang Maha Unggul tur Maha Asih.

٦٨- وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ۝

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Pawarta (carita)ne Nabi Ibrahim a.s.

69. Lan Muhammad sira macakna marang kaumira, caritane Ibrahim.

٦٩- وَاتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ إِبْرَاهِيمَ ۝

Watlu 'alaihim naba-a ibraahiim.

70. Nalika dheweke matur marang Bapakne lan kaume: "Apa kang padha sira sembah?"

٧٠- إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِ مَا تَعْبُدُونَ ۝

Idz qaala li-abiihi wa qaumihii maa ta'buduun.

71. Wong-wong mau mangsuli: "Aku kabeh padha nyembah brahala sarta aku tansah padha bekti marang brahala iku".

٧١- قَالُوا نَعْبُدُ أَصْنَامًا فَنَظَلُّ لَهَا عَاكِفِينَ ۝

Qaaluu na'budu ashnaaman fanazhallu lahaa 'aakifiin.

72. Ibrahim pitakon: "Sira padha nyenyuwun marang brahala iku, apa dheweke (brahala mau) bisa krungu?

٧٢- قَالَ هَلْ يَسْمَعُونَكُمْ إِذْ تَدْعُونَ ۝

Qaala hal yasma'uunakum idz tad'uun.

73. Utawa maneh apa padha bisa aweh manfa'at utawa gawe madharat marang sira kabeh?"

٧٣- أَوْ يَنْفَعُونَكُمْ أَوْ يَضُرُّونَ ۝

Au yanfa'uunakum au yadhurruun.

74. Wangsulane wong-wong mau: "Nanging kita mung saderma angleluri leluhur kita kang padha tumindak mangkono".

٧٤- قَالُوا بَلْ وَجَدْنَا آبَاءَنَا كَذَٰلِكَ يَفْعَلُونَ ۝

Qaaluu bal wajadnaa aabaa-anaa kadzaalika yaf'aluun.

75. Ibrahim ngandika: "Apa sira sumurup brahala kang padha sira sembah?

٧٥- قَالَ أَفَرَأَيْتُم مَّا كُنتُمْ تَعْبُدُونَ ۝

Qaala afara-aitum maa kuntum ta'buduun.

76. Sira kabeh lan hiya wong-wong tuwanira dhek biyen iku?

٧٦- أَنتُمْ وَآبَاؤُكُمُ الْأَقْدَمُونَ ۝

Antum wa aabaa-ukumul aqdamuun.

77. Satemene brahala-brahala iku satruku, kajaba Pangeraning 'alam Jagadrat pramudita.

٧٧- فَإِنَّهُمْ عَدُوٌّ لِّي إِلَّا رَبَّ الْعَالَمِينَ ۝

Fa-innahum 'aduwwul lii illaa rabbil 'aalamiin.

78. Yaiku Pangeran kang nitahake aku, nuli paring pituduh marang aku.

٧٨- الَّذِي خَلَقَنِي فَهُوَ يَهْدِينِ ۝

Alladzii khalaqanii fahuwa yahdiin.

79. PanjenengaNe kang paring pangan sarta ngombe marang aku.

٧٩- وَالَّذِي هُوَ يُطْعِمُنِي وَيَسْقِينِ ۝

Walladzii huwa yuth'imunii wa yasqiin.

80. Lan manawa aku lara, banjur waras, hiya PanjenengaNe iku kang paring waras marang aku.

٨٠- وَإِذَا مَرِضْتُ فَهُوَ يَشْفِينِ ۝

Wa idzaa maridh-tu fahuwa yasyfiin.

81. Lan PanjenengaNe kang bakal agawe patiku, nuli nguripake aku maneh!

٨١ - وَالَّذِىْ يُمِيْتُنِىْ ثُمَّ يُحْيِيْنِ ۝

Walladzii yumiitunii tsumma yuhyiin.

82. Lan PanjenengaNe kang dak arep-arep paring pangaksama ing kaluputanku ana ing dinane piwales.

٨٢ - وَالَّذِىْٓ اَطْمَعُ اَنْ يَّغْفِرَ لِىْ خَطِيْٓـَٔتِىْ يَوْمَ الدِّيْنِ ۝

Walladzii athma'u ay yaghfira lii khathii-atii yaumad-diin.

83. Dhuh Pangeran kawula! mugi Paduka paring kawicaksanan dhateng kawula, tuwin mugi kawula kagolongna kaliyan titiyang ingkang sami shaleh!

٨٣ - رَبِّ هَبْ لِىْ حُكْمًا وَّاَلْحِقْنِىْ بِالصّٰلِحِيْنَ ۝

Rabbi hab lii hukmaw walhiqnii bish-shaalihiin.

84. Tuwin mugi andadosna ing kawula sekar lathi sae tumrap titiyang ingkang dhateng kantun.

٨٤ - وَاجْعَلْ لِّىْ لِسَانَ صِدْقٍ فِى الْاٰخِرِيْنَ ۝

Waj'al lii lisaana shidqin fil aakhiriin.

85. Tuwin mugi Paduka ndadosna ing kawula, kalebet golonganipun titiyang ingkang maris Suwarga Na'im.

٨٥ - وَاجْعَلْنِىْ مِنْ وَّرَثَةِ جَنَّةِ النَّعِيْمِ ۝

Waj'alnii miw waratsati jannatin na'iim.

86. Tuwin mugi Paduka paring pangaksama dhumateng Bapa kawula, jalaran estu piyambakipun punika dados golonganipun titiyang ingkang sami sasar.

٨٦ - وَاغْفِرْ لِاَبِىْٓ اِنَّهٗ كَانَ مِنَ الضَّآلِّيْنَ ۝

Waghfirli-abii innahuu kaana minadh-dhaalliin.

87. Tuwin mugi Paduka sampun ngasoraken kawula wonten ing dintenipun sadaya makhluk dipun tangekaken saking kubur.

٨٧ - وَلَا تُخْزِنِىْ يَوْمَ يُبْعَثُوْنَ ۝

Walaa tukhzinii yauma yub'atsuun.

88. Inggih punika dinten Qiyamat, ing kalanipun bandha tuwin anak boten piguna.

٨٨ - يَوْمَ لَا يَنْفَعُ مَالٌ وَّلَا بَنُوْنَ ۝

Yauma laa yanfa'u maaluw walaa banuun.

89. Kajawi tiyang ingkang sowan wonten ngarsaning Allah kalayan manah ingkang resik".

٨٩ - اِلَّا مَنْ اَتَى اللّٰهَ بِقَلْبٍ سَلِيْمٍ ۝

Illaa man atallaaha biqalbin saliim.

90. Lan ing dina iku Suwarga dicedhakake marang wong-wong kang taqwa ing Allah.

٩٠ - وَاُزْلِفَتِ الْجَنَّةُ لِلْمُتَّقِيْنَ ۝

Wa uzlifatil jannatu lilmuttaqiin.

91. Sarta Neraka Jahim dikatonake marang wong-wong kang lacut kafir.

٩١ - وَبُرِّزَتِ الْجَحِيْمُ لِلْغٰوِيْنَ ۝

Wa burrizatil jahiimu lilghaawiin.

92. Nuli ana dhawuh marang wong-wong mau mangkene: "Ana ngendi brahala-brahala kang padha sira sembah biyen?"

٩٢- وَقِيلَ لَهُمْ أَيْنَمَا كُنْتُمْ تَعْبُدُونَ ۙ

Wa qiila lahum ainamaa kuntum ta'buduun.

93. Saliyane Allah? Apa dheweke padha bisa nulungi sira, utawa apa padha oleh pitulung?"

٩٣- مِنْ دُونِ اللَّهِ ۖ هَلْ يَنْصُرُونَكُمْ أَوْ يَنْتَصِرُونَ ۖ

Min duunillaah, hal yanshuruunakum au yantashiruun.

94. Brahala kang disembah lan wong kang lacut kang padha nyembah banjur dicegurake ing Neraka.

٩٤- فَكُبْكِبُوا فِيهَا هُمْ وَالْغَاوُونَ ۙ

Fakubkibuu fiihaa hum wal ghaawuun.

95. Lan wadiyabalane iblis kabeh.

٩٥- وَجُنُودُ إِبْلِيسَ أَجْمَعُونَ ۖ

Wa junuudu ibliisa ajma'uun.

96. Ana ing Neraka kono dheweke kang padha regejegan karo kepala-kepalane.

٩٦- قَالُوا وَهُمْ فِيهَا يَخْتَصِمُونَ ۙ

Qaaluu wahum fiihaa yakhtashimuun.

97. Wong-wong mau padha sumpah: Demi Allah! tetela aku kabeh iki jebul wus padha sasar.

٩٧- تَاللَّهِ إِنْ كُنَّا لَفِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ۙ

TAllaahi in-kunnaa lafii dhalaalim mubiin.

98. Jalaran aku kabeh wus nganggep ing sira padha brahala-brahala karo Pangeraning Jagad Raya.

٩٨- إِذْ نُسَوِّيكُمْ بِرَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Idz nusawwiikum birabbil 'aalamiin.

99. Lan ora ana kang nyasarake kita, kajaba wong-wong kang padha dosa (musyrik).

٩٩- وَمَا أَضَلَّنَا إِلَّا الْمُجْرِمُونَ ۝

Wamaa adhallanaa illal mujrimuun.

100. Samengko ora ana kang aweh pitulung marang aku kabeh.

١٠٠- فَمَا لَنَا مِنْ شَافِعِينَ ۙ

Famaa lanaa min syaafi'iin.

101. Lan aku kabeh ora duwe kanca kang raket.

١٠١- وَلَا صَدِيقٍ حَمِيمٍ ۝

Walaa shadiiqin hamiim.

102. Mungguh aku bisa bali sepisan maneh menyang Donya, yekti aku kabeh dadi golongane wong-wong kang percaya".

١٠٢- فَلَوْ أَنَّ لَنَا كَرَّةً فَنَكُونَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Falau anna lanaa karratan fanakuunanna minal mu'miniin.

103. Satemene perkara kang wus kasebut iku temen dadi tandha yekti, nanging akeh-akehe wong-wong mau padha ora gelem iman.

١٠٣- إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Inna fii dzaalika la-aayah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

104. Lan satemene Pangeranira iku Pangeran kang Maha Unggul tur Maha Asih.

١٠٤- وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ۝

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Warta (carita)ne Nabi Nuh a.s. kalayan kaume.

105. Kaume Nuh wus anggorohake marang para Utusan.

١٠٥- كَذَّبَتْ قَوْمُ نُوحٍ الْمُرْسَلِينَ ۝

Kadzdzabat qaumu nuuhi(n)il mursaliin.

106. Nalika sadulure, yaiku Nuh ngendika marang kaume: "Apa sira ora padha wedi marang siksane Allah manawa sira nyembah marang saliyane PanjenengaNe?

١٠٦- إِذْ قَالَ لَهُمْ أَخُوهُمْ نُوحٌ أَلَا تَتَّقُونَ ۝

Idz qaala lahum akhuuhum nuuhun alaa tattaquun.

107. Satemene aku iki Rasul kang Pinitaya marang sira kabeh.

١٠٧- إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ۝

Innii lakum rasuulun amiin.

108. Sira padha wediya marang Allah, lan nuruta marang aku.

١٠٨- فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

109. Lan ora pisan-pisan aku njaluk upah anggonku aweh pepeling marang sira, ora ana liya ganjaranku wus ana ing ngastaning Allah Pangeraning Jagadrat pramudita.

١٠٩- وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ ۖ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Wamaa as-alukum 'alaihi min ajr, in a ajriya illaa 'alaa rabbil 'aalamiin.

110. Mangka sira padha wediya marang Allah lan nuruta marang aku".

١١٠- فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

111. Wong-wong mau padha matur: "Punapa kula kapurih pitados dhateng panjenengan, mangka pandherek panjenengan punika titiyang asor?"

١١١- قَالُوا أَنُؤْمِنُ لَكَ وَاتَّبَعَكَ الْأَرْذَلُونَ ۝

Qaaluu anu'minu laka wattaba'akal ardzaluun.

112. Nuh mangsuli: "Aku ora mangerti gek apa wahe piwalese Allah marang 'amal kang ditindakake dening wong-wong mau?"

١١٢- قَالَ وَمَا عِلْمِي بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۖ

Qaala wamaa 'ilmii bimaa kaanuu ya'maluun.

113. Ora ana panimbanging 'amale wong-wong mau kajaba mung marang Pangeranku, manawa sira padha rumangsa.

١١٣- إِنْ حِسَابُهُمْ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّي لَوْ تَشْعُرُونَ ۖ

In hisaabuhum illaa 'alaa rabbii lau tasy'uruun.

114. Lan ora pisan-pisan aku arep nundhung marang wong-wong kang padha iman.

١١٤- وَمَا أَنَا بِطَارِدِ الْمُؤْمِنِينَ ۖ

Wamaa ana bithaaridil mu'miniin.

115. Dene aku tetela mung ngelingake bae!"

١١٥- إِنْ أَنَا إِلَّا نَذِيرٌ مُبِينٌ ۖ

In ana illaa nadziirum mubiin.

116. Kaume anjawab: "He Nuh! manawi panjenengan boten purun ngendeli Da'wah (ajak-ajak nindakake Agama) punika, estu panjenengan dados golonganipun tiyang ingkang dipun ranjam ngantos pejah!"

١١٦- قَالُوا لَئِنْ لَمْ تَنْتَهِ يَا نُوحُ لَتَكُونَنَّ مِنَ الْمَرْجُومِينَ ۖ

Qaaluu la-illam tantahi yaa nuuhu latakuunanna minal marjuumiin.

117. Nuh munjuk marang Allah: "Dhuh Pangeran kawula! Sayektos kaum kawula punika sami maiben ing kawula.

١١٧- قَالَ رَبِّ إِنَّ قَوْمِي كَذَّبُونِ ۖ

Qaala rabbi inna qaumii kadzdzabuun.

118. Jalaran saking punika mugi Paduka paring katetepan hukum ing antawis kawula lan antawisipun titiyang wau, kalayan hukum ingkang adil, sarta mugi Paduka paring wilujeng dhateng kawula sarta para Mu'minin ingkang tumut ing kawula".

١١٨- فَافْتَحْ بَيْنِي وَبَيْنَهُمْ فَتْحًا وَنَجِّنِي وَمَنْ مَعِيَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ۖ

Faftah bainii wa bainahum fathaw wa najjinii wamam ma'iya minal mu'miniin.

119. Ing kono Ingsun nuli nylametake Nuh sakancane ana ing prahu kang wus kebak momotane.

١١٩- فَأَنْجَيْنَاهُ وَمَنْ مَعَهُ فِي الْفُلْكِ الْمَشْحُونِ ۖ

Fa-anjainaahu wamam ma'ahuu fil fulkil masy-huun.

120. Sawuse iku Ingsun nuli ngelem wong-wong kang padha keri.

١٢٠- ثُمَّ أَغْرَقْنَا بَعْدُ الْبَاقِينَ ۖ

Tsumma aghraqnaa ba'du baaqiin.

121. Sanyata kang mangkono iku dadi tandha yekti (pracihna) tumrap wong-wong sapungkure, ananging akeh kang padha ora iman.

١٢١- إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُؤْمِنِينَ ۖ

Inna fii dzaalika la-aayah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

122. Lan satemene Pangeranira iku yekti Pangeran kang Maha Kawasa tur Maha Asih.

١٢٢- وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ۝

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Sejarahe Nabi Hud a.s.

123. Kaum 'Aad uga wus padha maido marang para Andika Rasul.

١٢٣- كَذَّبَتْ عَادٌ الْمُرْسَلِينَ ۝

Kadzdzabat "adu(n)il mursaliin.

124. Nalika kadange dhewe yaiku Hud ngandika marang wong-wong mau: "Apa sira ora wedi marang siksaning Allah, kok sira padha nyembah saliyane Allah iku?

١٢٤- إِذْ قَالَ لَهُمْ أَخُوهُمْ هُودٌ أَلَا تَتَّقُونَ ۝

Idz qaala lahum akhuuhum huudun alaa tattaquun.

125. Sanyata aku iku Rasul kang pinitaya marang sira kabeh.

١٢٥- إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ۝

Innii lakum rasuulun amiin.

126. Amula sira padha wedia marang Allah lan ndhereka marang aku.

١٢٦- فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

127. Lan aku babar pisan ora njaluk upah anggonku nekakake pepeling marang sira, ora liya upahku kajaba wus ana ing astane Allah Pangeraning sak Jagadrat.

١٢٧- وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Wamaa as-alukum 'alaihi min ajr, in ajriya illaa 'alaa rabbil 'aalamiin.

128. Apa sira padha ngedegake bangunan ana ing ngendi-endi papan kang dhuwur, perlu pamer kamukten marang liyan?

١٢٨- أَتَبْنُونَ بِكُلِّ رِيعٍ آيَةً تَعْبَثُونَ ۝

Atabtuuna bikulli riihin aayatan ta'batsuun.

129. Lan maneh sira padha gawe pirang-pirang yayasan, gedhong-gedhong, bendungan, jalaran sira duwe anggep bisa urip langgeng salawase?

١٢٩- وَتَتَّخِذُونَ مَصَانِعَ لَعَلَّكُمْ تَخْلُدُونَ ۝

Wa tattakhidzuuuna mashaani'a la'allakum takhluduun.

130. Lan manawa sira matrapake siksa, sira patrapake kalawan ambeg wengis.

١٣٠- وَإِذَا بَطَشْتُمْ بَطَشْتُمْ جَبَّارِينَ ۝

Wa idzaa bathasytum bathasytum jabbaariin.

131. Mula becik sira padha wedia marang Allah, lan padha manuta marang aku.

١٣١- فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

132. Lan sira padha wedia marang Pangeran kang wus paring barang-barang marang sira kang wus sira sumurupi.

١٣٢- وَاتَّقُوا الَّذِيٓ أَمَدَّكُم بِمَا تَعْلَمُونَ ۝

Wattaqul ladzii amaddakum bimaa ta'-lamuun.

133. Yaiku PanjenengaNe kang wus paring marang sira raja-kaya lan Anak.

١٣٣- أَمَدَّكُم بِأَنْعَٰمٍ وَبَنِينَ ۝

Amaddakum bi-an'aamiw wa baniin.

134. Maringi pakebonan lan sumber-sumber banyu.

١٣٤- وَجَنَّٰتٍ وَعُيُونٍ ۝

Wa jannaatiw wa 'uyuun.

135. Sanyata Aku nguwatirake manawa sira kapatrapan siksa ana ing dina kang gedhe temenan pakewuhe!"

١٣٥- إِنِّيٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ۝

Innii akhaafu 'alaikum 'adzaaba yaumin 'azhiim.

136. Wong-wong mau padha matur: "Sami kemawon tumrap kula sadaya, panjenengan paring piweling utawi panjenengan boten paring piweling, kula sadaya boten badhe pitados".

١٣٦- قَالُوا سَوَآءٌ عَلَيْنَآ أَوَعَظْتَ أَمْ لَمْ تَكُن مِّنَ ٱلْوَٰعِظِينَ ۝

Qaaluu sawaa-un 'alainaa awa'azhta am lam takum minal waa'izhiin.

137. Agami kita punika boten sanes kajawi adat naluri para leluwur kina.

١٣٧- إِنْ هَٰذَآ إِلَّا خُلُقُ ٱلْأَوَّلِينَ ۝

In haadzaa illaa khuluqul awwaliin.

138. Kula boten pisan-pisan sami badhe kapatrapan siksa!"

١٣٨- وَمَا نَحْنُ بِمُعَذَّبِينَ ۝

Wamaa nahnu bimu'adzdzabiin.

139. Mangka wong-wong mau tetep maido marang Nabi Hud, jalaran saka iku, Ingsun banjur numpes wong-wong mau. Satemene kang mangkono iku temen dadi tandha bukti kang nyata, ewa samono akeh-akehe wong-wong iku ora gelem iman.

١٣٩- فَكَذَّبُوهُ فَأَهْلَكْنَٰهُمْ ۗ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ۝

Fakadzdzabuuhu fa-ahlaknaahum, inna fii dzaalika la-aayah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

140. Lan sanyata Pangeranira iku, Pangeran kang Maha Gagah Prakosa tur Maha Asih.

١٤٠- وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ۝

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Sejarahe Nabi Shaleh a.s.

141. Kaum Tsamud wus maido marang para Andika Rasul.

١٤١- كَذَّبَتْ ثَمُودُ ٱلْمُرْسَلِينَ ۝

Kadzdzabat tsamuudul mursaliin.

142. Nalika sadulure yaiku Shaleh ngandika marang wong-wong mau: "Apa sira ora wedi marang siksaning Allah, teka sira nyembah saliyane PanjenengaNe?

١٤٢- إِذْ قَالَ لَهُمْ أَخُوهُمْ صَٰلِحٌ أَلَا تَتَّقُونَ ۝

Idz qaala lahum akhuuhum shaalihun alaa tattaquun.

143. Sanyata Aku iki Rasul kang pinarcaya kautus marang sira kabeh.

١٤٣- إِنِّى لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ۝

Innii lakum rasuulun amiin.

144. Sira padha wedia marang Allah lan manuta marang Aku.

١٤٤- فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

145. Lan Aku ora pisan-pisan njaluk upah anggonku nekakake pepeling marang sira, dene ganjaranku ora liya, kajaba ana ing asta-Ne Allah Pangeraning Jagad raya!

١٤٥- وَمَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ ۖ إِنْ أَجْرِىَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ۝

Wamaa as-alukum 'alaihi min ajr, in ajriya illaa 'alaa rabbil 'aalamiin.

146. Apa sira duwe pangira bakal ditogake bae ana ing kasenengan Donya iki kalawan aman saka siksa?

١٤٦- أَتُتْرَكُونَ فِى مَا هَٰهُنَآ ءَامِنِينَ ۝

Atutrakuuna fii maa haahunaa aaminiin.

147. Padha seneng seneng ana ing pakebon-an kang akeh sumbere?

١٤٧- فِى جَنَّٰتٍ وَعُيُونٍ ۝

Fii jannaatiw wa 'uyuun.

148. Akeh tandurane, lan kurma kang manggare lemes wohe mateng-mateng?

١٤٨- وَزُرُوعٍ وَنَخْلٍ طَلْعُهَا هَضِيمٌ ۝

Wazuruu'iw wa nakhlin thal'uhaa ha-dhiim.

149. Lan kalawan kapinteranira sira padha natah Gunung-Gunung kanggo omah.

١٤٩- وَتَنْحِتُونَ مِنَ ٱلْجِبَالِ بُيُوتًا فَٰرِهِينَ ۝

Wa tanhituuna minal jibaali buyuutan faarihiin..

150. Mula sira padha wedia marang Allah, lan ndhereka marang Aku.

١٥٠- فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

151. Lan sira aja manut printahe wong-wong kang ngliwati wates.

١٥١- وَلَا تُطِيعُوٓا۟ أَمْرَ ٱلْمُسْرِفِينَ ۝

Walaa tuthii'uu amral musrifiin.

152. Yaiku wong-wong kang padha gawe rusak ana ing Bumi, lan ora padha gawe becik".

١٥٢ - الَّذِيْنَ يُفْسِدُوْنَ فِى الْاَرْضِ وَلَا يُصْلِحُوْنَ ۝

Alladziina yufsiduuna fil ardhi walaa yushlihuun.

153. Wong-wong iku matur: "Saleresipun panjenengan punika golonganipun titiyang ingkang kenging sihir.

١٥٣ - قَالُوْٓا اِنَّمَآ اَنْتَ مِنَ الْمُسَحَّرِيْنَ ۝

Qaaluu innamaa anta minal musahhariin.

154. Boten sanes panjenengan punika, kajawi manungsa kados kula kemawon. Cobi panjenengan dhatengaken tandha yekti manawi saestu panjenengan punika golonganipun titiyang ingkang temen".

١٥٤ - مَآ اَنْتَ اِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُنَا وَاِنْ نَّظُنُّكَ لَمِنَ الْكٰذِبِيْنَ ۝ فَاْتِ بِاٰيَةٍ اِنْ كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۝

Maa anta illaa basyarum mitslunaa, fa'ti bi-aayatin in-kunta minash shaadiqiin.

155. Shaleh ngendika: "Lah iki unta wadon, tandha ke-Nabianku! Unta wadon iki duwe mangsa pangomben, lan sira uga duwe mangsa pangomben, ana ing dina kang wus katamtokake gilirane.

١٥٥ - قَالَ هٰذِهٖ نَاقَةٌ لَّهَا شِرْبٌ وَّلَكُمْ شِرْبُ يَوْمٍ مَّعْلُوْمٍ ۝

Qaala haadzihii naaqatul lahaa syirbuw walakum syirbu yaumim ma'luum.

156. Poma sira aja angganggu-gawe unta wadon iki! jalaran yen sira angganggu, sira bakal kapatrapan siksa ana dina kang gedhe pakewuhe".

١٥٦ - وَلَا تَمَسُّوْهَا بِسُوْٓءٍ فَيَاْخُذَكُمْ عَذَابُ يَوْمٍ عَظِيْمٍ ۝

Walaa tamassuuhaa bisuu-in faya'khudzakum 'adzaabu yaumin 'azhiim.

157. Unta wadon mau banjur padha disembeleh dening wong-wong mau, nuli padha anggetuni tumindake dhewe!

١٥٧ - فَعَقَرُوْهَا فَاَصْبَحُوْا نٰدِمِيْنَ ۝

Fa'aqaruuhaa fa-ashbahuu naadimiin.

158. Wong-wong mau banjur kapatrapan siksa, sanyata kang mangkono mau temen dadi tandha yekti kang nyata, ananging akeh-akehe manungsa ora padha gelem iman.

١٥٨ - فَاَخَذَهُمُ الْعَذَابُ ۗ اِنَّ فِىْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً ۗ وَمَا كَانَ اَكْثَرُهُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ۝

Fa-akhadzahumul 'adzaab, inna fii dzaalika la-aayah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

159. Lan sanyata Pangeranira iku yekti Pangeran kang Maha Gagah Prakosa, tur Maha Asih.

١٥٩ - وَاِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيْزُ الرَّحِيْمُ ۝ ع ٨ ١٢

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Sejarahe Nabi Luth a.s. lan ummate.

160. Kaum Luth uga wus maido marang para Andika Rasul.

١٦٠- كَذَّبَتْ قَوْمُ لُوطٍ الْمُرْسَلِينَ ۝

Kadzdzabat qaumi luuthi(n)il mursaliin.

161. Nalika sadulure yaiku Luth ngandika: "Apa sira ora wedi marang siksaning Allah, manawa sira nyembah saliyaNe PanjenengaNe?

١٦١- إِذْ قَالَ لَهُمْ أَخُوهُمْ لُوطٌ أَلَا تَتَّقُونَ ۝

Idz qaala lahum akhuuhum luuthun alaa tattaquun.

162. Sanyata Aku iki Rasul kang pinitaya kautus marang sira kabeh.

١٦٢- إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ۝

Innii lakum rasuulun amiin.

163. Sira padha wedia marang Allah lan manuta marang Aku!

١٦٣- فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

164. Aku ora njaluk upah marang sira kabeh anggonku nekakake pepeling, ora ana liya ganjaranku kajaba wus ana ing astaNe Allah Pangeraning Jagadrat pramudita!

١٦٤- وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Wamaa as-alukum 'alaihi min ajr, in ajriya illaa 'alaa rabbil 'aalamiin.

165. Yagene sira dhemen cumbana karo wong lanang, seje karo liya-liyane kae antarane wong ing sa Jagad.

١٦٥- أَتَأْتُونَ الذُّكْرَانَ مِنَ الْعَالَمِينَ ۝

Ata'tuunadz dzukraana minal 'aalamiin.

166. Lan sira malah ninggal bojo-bojonira, kang wus dititahake dening Pangeranira disadhiyakake kanggo sira, sanyata sira iku wong kang ngliwati wates!"

١٦٦- وَتَذَرُونَ مَا خَلَقَ لَكُمْ رَبُّكُمْ مِنْ أَزْوَاجِكُمْ بَلْ أَنْتُمْ قَوْمٌ عَادُونَ ۝

Wa tadzaruuna maa khalaqa lakum rabbukum min azwaajikum, bal antum qaumun 'aaduun.

167. Wong-wong mau matur: "Manawi panjenengan Luth! boten purun kendel nyidhem saking perkawis punika, yektos panjenengan klebet golonganipun titiyang ingkang katundhung saking Negari ngriki!"

١٦٧- قَالُوا لَئِنْ لَمْ تَنْتَهِ يَا لُوطُ لَتَكُونَنَّ مِنَ الْمُخْرَجِينَ ۝

Qaaluu la-illam tantahi yaa luuthu latakuunanna minal mukhrajiin.

168. Luth mangsuli: "Sanyata Aku iki golongane wong kang ora sarju marang tumindakira kang ala iku.

١٦٨- قَالَ إِنِّي لِعَمَلِكُمْ مِنَ الْقَالِينَ ۝

Qaala innii li'amalikum minal qaaliin.

169. Dhuh Pangeran kawula! Mugi Paduka paring wilujeng dhumateng kawula sakulawarga saking lampah awon ingkang sami dipun tindakaken dening titiyang punika".

١٦٩- رَبِّ نَجِّنِي وَأَهْلِي مِمَّا يَعْمَلُونَ ۝

Rabbi najjinii wa ahlii mimmaa ya'maluun.

170. Ingsun nuli nylametake Luth lan kulawargane kabeh.

١٧٠- فَنَجَّيْنَاهُ وَأَهْلَهُ أَجْمَعِينَ ۝

Fanajjainaahu wa ahlahuu ajma'iin.

171. Kajaba wong wadon tuwa (garwane kang munafik), kalebu golongane wong-wong kang keri katut disiksa!

١٧١- إِلَّا عَجُوزًا فِي الْغَابِرِينَ ۝

Illaa 'ajuuzan fil ghaabiriin.

172. Ingsun banjur ngrusak kaum Luth kang liyane.

١٧٢- ثُمَّ دَمَّرْنَا الْآخَرِينَ ۝

Tsumma dammarnal aakhariin.

173. Lan Ingsun ngudani watu marang wong-wong mau; padha-padha udan ala dhewe udan kang diturunake marang wong-wong kang dielingake nuli ora iman!

١٧٣- وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِمْ مَطَرًا فَسَاءَ مَطَرُ الْمُنْذَرِينَ ۝

Wa amtharnaa 'alaihim matharaa, fasaa-a matharul mundzariin.

174. Sanyata kang mangkono mau dadi tandha yekti (tepa tuladha) kang nyata, ananging akeh-akehe manungsa padha ora gelem iman.

١٧٤- إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُؤْمِنِينَ ۝

Inna fii dzaalika la-aayah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

175. Lan sanyata Pangeranira iku Pangeran kang Maha Gagah Prakosa tur Maha Asih.

١٧٥- وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ۝

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Sejarahe Nabi Syu'aib a.s.

176. Wong kang dedunung ing kutha Aikah, kaume Syu'aib uga wus maido marang para Andika Rasul.

١٧٦- كَذَّبَ أَصْحَابُ لْأَيْكَةِ الْمُرْسَلِينَ ۝

Kadzdzabat ash-haabul aikatil mursaliin.

177. Nalika Syu'aib ngendika marang wong-wong mau: "Apa sira ora wedi ing siksaning Allah, hlakok sira nyembah dudu marang PanjenengaNe?

١٧٧- إِذْ قَالَ لَهُمْ شُعَيْبٌ أَلَا تَتَّقُونَ ۝

Idz qaala lahum syu'aibun alaa tattaquun

178. Sanyata aku iki Rasul kang pinarcaya marang sira kabeh.

١٧٨- إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ۝

Innii lakum rasuulun amiin.

179. Sira padha wedia marang Allah lan manuta marang Aku!

١٧٩- فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Fattaqullaaha wa athii'uun.

180. Lan Aku ora njaluk upah anggonku nekakake pepeling marang sira, dene ganjaranku ora liya kajaba ana ing astaNe Allah Pangeraning Jagad raya!

١٨٠- وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Wamaa as-alukum 'alaihi min ajr, in ajriya illaa 'alaa rabbil 'aalamiin.

181. Sira padha nyampurnakna timbangan, lan poma aja padha dadi golongane wong-wong kang ngurangi timbangan.

١٨١- أَوْفُوا الْكَيْلَ وَلَا تَكُونُوا مِنَ الْمُخْسِرِينَ ۝

Auful kaila walaa takuunuu minal mukh-siniin.

182. Lan sira nimbanga kalawan timbangan kang jejeg!

١٨٢- وَزِنُوا بِالْقِسْطَاسِ الْمُسْتَقِيمِ ۝

Wazinuu bil qisthaasil mustaqiim.

183. Lan sira aja nyuda barang-barang darbeke manungsa, sarta aja ambeg sawenang-wenang gawe karusakan ana ing Bumi.

١٨٣- وَلَا تَبْخَسُوا النَّاسَ أَشْيَاءَهُمْ وَلَا تَعْثَوْا فِي الْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ۝

Walaa tabkhasun naasa asy-yaa-a hum walaa ta'tsau fil ardhi mufsidiin.

184. Lan wedia marang Pangeran kang wus anitahake sira, lan ummat-ummat ing zaman kuna".

١٨٤- وَاتَّقُوا الَّذِي خَلَقَكُمْ وَالْجِبِلَّةَ الْأَوَّلِينَ ۝

Wattaqul ladzii khalaqakum wal jibillatal awwaliin.

185. Wong-wong mau padha matur: "Sayektosipun panjenengan punika kalebet dados golonganipun titiyang ingkang kenging sihir.

١٨٥- قَالُوا إِنَّمَا أَنْتَ مِنَ الْمُسَحَّرِينَ ۝

Qaaluu innamaa anta minal musahhariin.

186. Boten sanes panjenengan punika kajawi namung tiyang limrah kemawon kados kula, kula gadhah panginten manawi panjenengan punika golonganipun tiyang dora.

١٨٦- وَمَا أَنْتَ إِلَّا بَشَرٌ مِثْلُنَا وَإِنْ نَظُنُّكَ لَمِنَ الْكَاذِبِينَ ۝

Wamaa anta illaa basyarum mitslunaa wa-in nazhunnuka laminal kaadzibiin.

187. Cobi mugi andhawahna Langit sacuwil kemawon, manawi panjenengan punika golonganipun tiyang leres.

١٨٧- فَأَسْقِطْ عَلَيْنَا كِسَفًا مِنَ السَّمَاءِ إِنْ كُنْتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ۝

Fa-asqith 'alainaa kisafan minas samaa-i in kunta minash shaadiqiin.

188. Syu'aib mangsuli: "Pangeranku luwih Ngawuningani marang kabeh kang padha sira tindakake".

١٨٨- قَالَ رَبِّيْٓ اَعْلَمُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ۝

Qaala rabbii a'lamu bimaa ta'maluun.

189. Banjur wong-wong mau tetep maido marang Syu'aib, wong-wong mau nuli kapatrapan siksane dina kang ngeyubi, yaiku mendhung kang mawa udan geni, sanyata siksa iku siksane dina kang gedhe pakewuhe!

١٨٩- فَكَذَّبُوْهُ فَاَخَذَهُمْ عَذَابُ يَوْمِ الظُّلَّةِ ۗ اِنَّهٗ كَانَ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيْمٍ ۝

Fakadzdzabuuhu fa-akhadzahum 'adzaabu yaumizh zhullah, innahuu kaana 'adzaaba yaumin 'azhiim.

190. Sanyata kang mangkono iku dadi tandha yekti (tepa palupi) kang nyata, ananging akeh-akehe manungsa padha ora gelem iman.

١٩٠- اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً ۗ وَمَا كَانَ اَكْثَرُهُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ۝

Inna fii dzaalika la-aayah, wamaa kaana aktsaruhum mu'miniin.

191. Sanyata Pangeranira iku Pangeran kang Maha Gagah Prakosa tur Maha Asih.

١٩١- وَاِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيْزُ الرَّحِيْمُ ۝

Wa inna rabbaka lahuwal 'aziizur rahiim.

Dhawuhing Allah supaya pepeling marang Kulawarga lan lembah manah marang Mu'minin.

192. Lan sanyata Quraan iku yekti tumurun saka ngarsaning PangeraNe 'alam Jagad pramudita.

١٩٢- وَاِنَّهٗ لَتَنْزِيْلُ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Wa innahuu latanziilu rabbil 'aalamiin.

193. Malaikat Jibril kang pinitaya (Ar Ruh Al Amin) tumurun kalawan ngampil Quraan iku!

١٩٣- نَزَلَ بِهِ الرُّوْحُ الْاَمِيْنُ ۝

Nazala bihir ruuhul amiin.

194. Katurunake marang atinira Muhammad, supaya sira dadi golongaNe wong-wong kang aweh pepeling.

١٩٤- عَلٰى قَلْبِكَ لِتَكُوْنَ مِنَ الْمُنْذِرِيْنَ ۝

'Alaa qalbika litakuuna minal mundziriin

195. Sarana tembung Arab kang pratela!

١٩٥- بِلِسَانٍ عَرَبِيٍّ مُّبِيْنٍ ۝

Bilisaanin 'arabiyyim mubiin.

196. Lan sanyata Al Quraan iku yekti wus kasebut ana ing Kitabe Suci para wong kuna!

١٩٦- وَاِنَّهٗ لَفِيْ زُبُرِ الْاَوَّلِيْنَ ۝

Wa innahuu lafii zuburil awwaliin.

197. Apa durung cukup tandha yekti kabenerane Nabi Muhammad tumrap wong-wong iku kabeh, kang wus disumurupi dening para 'Ulamane wong Bani Israil?

١٩٧- أَوَلَمْ يَكُنْ لَّهُمْ اٰيَةً اَنْ يَّعْلَمَهٗ عُلَمٰٓؤُا بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ ۝

Awalam yakul lahum aayatan ay ya'lamahuu 'ulamaa-u banii israa-iil.

198. Saupama Ingsun nurunake Quraan iku marang sawenehe bangsa 'Ajam (saliyane bangsa Arab).

١٩٨- وَلَوْ نَزَّلْنٰهُ عَلٰى بَعْضِ الْاَعْجَمِيْنَ ۝

Walau nazzalnaahu 'alaa ba'dhil a'jamiin.

199. Banjur diwacakake marang wong-wong iku, uga mesthi ora padha gelem iman.

١٩٩- فَقَرَاَهٗ عَلَيْهِمْ مَّا كَانُوْا بِهٖ مُؤْمِنِيْنَ ۝

Faqaraahu 'alaihim maa kaanuu bihii mu'miniin.

200. Kang mangkono iku pancen kekafiran wus Ingsun lebokake ana ing atine wong-wong kang dosa.

٢٠٠- كَذٰلِكَ سَلَكْنٰهُ فِيْ قُلُوْبِ الْمُجْرِمِيْنَ ۝

Kadzaalika salaknaahu fii quluubil mujrimiin.

201. Ananging ora padha gelem iman marang Quraan nganti iku padha sumurup siksa kang nglarani.

٢٠١- لَا يُؤْمِنُوْنَ بِهٖ حَتّٰى يَرَوُا الْعَذَابَ الْاَلِيْمَ ۝

Laa yu'minuuna bihii hattaa yarawul 'adzaabal aliim.

202. Mangka siksa iku nempuh marang wong-wong mau kalawan dadakan, dheweke babar pisan ora padha nduga.

٢٠٢- فَيَاْتِيَهُمْ بَغْتَةً وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

Faya'tiyahum baghtataw wahum laa yasy'aruun.

203. Wong-wong mau nuli ngucap: "Apa aku kabeh iki padha disarantekake?"

٢٠٣- فَيَقُوْلُوْا هَلْ نَحْنُ مُنْظَرُوْنَ ۝

Fayaquuluu hal nahnu munzharuun.

204. Allah paring pangandika: "Apa kalawan siksanIngsun wong-wong iku nyuwun dienggalake?

٢٠٤- اَفَبِعَذَابِنَا يَسْتَعْجِلُوْنَ ۝

Afabi'adzaabinaa yasta'jiluun.

205. Hara kapriye mungguh panemunira manawa Ingsun paring kani'matan urip pirang-pirang tahun lawase?

٢٠٥- اَفَرَءَيْتَ اِنْ مَّتَّعْنٰهُمْ سِنِيْنَ ۝

Afara-aita im matta'naahum siniin.

206. Nuli siksa kang wus diincim-incimake tumempuh marang dheweke.

٢٠٦- ثُمَّ جَآءَهُمْ مَّا كَانُوْا يُوْعَدُوْنَ ۝

Tsumma jaa-ahum maa kaanuu yuu'aduun.

207. Ora bisa nyukupi (migunani) tumrap wong-wong iku kabeh kang padha tansah dianggo suka-suka (ropyan-ropyan).

٢٠٧- مَآ أَغۡنَىٰ عَنۡهُمۡ مَّا كَانُواْ يُمَتَّعُونَ ۝

Maa aghnaa 'anhum maa kaanuu yumatta'uun.

208. Lan Ingsun ora ngrusak marang sawijining Negara, kajaba luwih dhisik ing Negara iku karawuhan Juru-Pepeling (Rasul).

٢٠٨- وَمَآ أَهۡلَكۡنَا مِن قَرۡيَةٍ إِلَّا لَهَا مُنذِرُونَ ۝

Wamaa ahlaknaa min qaryatin illaa lahaa mundziruun.

209. Yaiku supaya wong-wong mau dipepelingi luwih dhisik bab siksaning Allah, lan Ingsun ora nganiaya!

٢٠٩- ذِكۡرَىٰ وَمَا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ۝

Dzikraa, wamaa kunnaa zhaalimiin.

210. Lan dudu syetan kang tumurun anggawa Quraan.

٢١٠- وَمَا تَنَزَّلَتۡ بِهِ ٱلشَّيَٰطِينُ ۝

Wamaa tanazzalat bihisy syayaathiin.

211. Ora pantes syetan-syetan iku tumurun anggawa Quraan, lan pancen dheweke ora kuwasa.

٢١١- وَمَا يَنۢبَغِي لَهُمۡ وَمَا يَسۡتَطِيعُونَ ۝

Wamaa yambaghii lahum wamaa yastathii'uun.

212. Sanyata syetan-syetan iku didohake, ora bisa krungu Al Quraan iku (ing Lauhul Mahfuzh).

٢١٢- إِنَّهُمۡ عَنِ ٱلسَّمۡعِ لَمَعۡزُولُونَ ۝

Innahum 'anis sam'i lama'zuuluun.

213. Jalaran saka iku sira Muhammad, aja nyembah Pepundhen liya nartani ing Allah, mundhak sira dadi golongane wong kang padha siniksa.

٢١٣- فَلَا تَدۡعُ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ فَتَكُونَ مِنَ ٱلۡمُعَذَّبِينَ ۝

Falaa tad'u ma'allaahi ilaahan aakhara fatakuuna minal mu'adzdzabiin.

214. Lan sira Muhammad, pepelinga marang kulawarganira (karabatira) kang cedhak-cedhak! 725)

٢١٤- وَأَنذِرۡ عَشِيرَتَكَ ٱلۡأَقۡرَبِينَ ۝

Wa andzir 'asyiiratakal aqrabiin.

---

725). Dhawuhing Allah ingkang kasebut ing ayat no. 213 - 217, punika wigatosipun anerangaken makaten: Sasampunipun Gusti Kanjeng Nabi s.a.w. kadhawuhan supados nebihi musyrik inggih punika andedonga, lan nenuwun dhumateng Allah sarana mawi lantaran dhateng sanesipun Allah. Lajeng dhawuh wau kapurih amradinaken dhumateng ummatipun, langkung-langkung dhateng sanak sedherekipun piyambak ingkang taksih celak, awit limrahipun, sadherek piyambak punika adatipun malah sok kapinten amila mawi dipun pengetaken. Utawi malih, inggih murih sageda tertib lan urut, salajengipun Kanjeng Nabi s.a.w. wau kadhawuhan nandukaken tangkep ingkang sarwa sae, adhedhasar ndhidhik sae utawi persuasif sifatipun dhumateng para Sekabat utawi para kadangipun ingkang sami Mu'min. Inggih punika tangkep tawadhu' (andhap asor, lembah manah welas asih, sarta merak ati!), sarta amengku dhateng keklintuwanipun utawi kalepataning kanca-kancanipun. Lan ugi kadhawuhan supados ingkang ageng tawakkal (sumarah)ipun dhumateng Allah ingkang Murbawasesa, Gusti Allah ingkang Maha Unggul lan Maha Asih.
sarta para Nayaka-Praja (Presiden, Menteri, Gubernur, Ketua DPR/MPR, Bupati, lan Lurah) inggih priyantun ingkang asifat tawadhu' punika dados kekasihipun Allah SWT sarta tansah dipun paringi Hidayah lan Taufikipun!

215. Lan sira sing lembah manah (andhap asor) marang para wong Mu'min kang manut ing sira!

٢١٥- وَاخْفِضْ جَنَاحَكَ لِمَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Wakhfidh janaahaka limanit-taba'aka minal mu'miniin.

216. Dene manawa padha ngemohi ing sira, banjur dhawuha: "Sanyata aku lebaran ora melu-melu prakara kang padha kok tindakake.

٢١٦- فَإِنْ عَصَوْكَ فَقُلْ إِنِّي بَرِيءٌ مِمَّا تَعْمَلُونَ ۝

Fa-in 'ashauka faqul innii barii-um mimmaa ta'maluun.

217. Lan sira sumaraha (kumandela) marang Gusti Allah kang Maha Unggul tur Maha Asih.

٢١٧- وَتَوَكَّلْ عَلَى الْعَزِيزِ الرَّحِيمِ ۝

Wa tawakkal 'alal 'aziizir rahiim.

218. Yaiku Pangeran kang mirsani sira nalikane sira tangi nindakake Shalat.

٢١٨- الَّذِي يَرَاكَ حِينَ تَقُومُ ۝

Alladzii yaraaka hiina taquum.

219. Lan Pangeran kang mirsani mobah mosikira nalikane wong-wong padha sujud.

٢١٩- وَتَقَلُّبَكَ فِي السَّاجِدِينَ ۝

Wa taqallubaka fis-saajidiin.

220. Sanyata PanjenengaNe iku Pangeran kang Miyarsa tur Kang Ngudaneni.

٢٢٠- إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Innahuu huwas samii'ul 'aliim.

Syetan ngangslupi ahli sya'ir lan ahli gegorohan.

221. Dhawuha sira Muhammad: "Apa sira padha gelem Ndak kandhani wong kang kangslupan syetan".

٢٢١- هَلْ أُنَبِّئُكُمْ عَلَى مَنْ تَنَزَّلُ الشَّيَاطِينُ ۝

Hal unabbi-ukum 'alaa man tanazzalusy syayaathiin.

Makaten ugi, tumrapipun ingkang nginggil dhateng ngandhap, ingkang para pejabat kuwaos dhumateng usahawan Swasta, ingkang pinter dhateng ingkang bodho, ingkang sugih dhateng ingkang mlarat lan sapiturutipun; awit inggih ing ngriku punika dunungipun rumangsa handarbeni, rumangsa hambelani, lan rumangsa hangayomi, ingkang dados giligipun (fokesipun) pakerti tawadhu'!

Dene manawi ngandhap dhumateng nginggil, punika pancen sampun samesthinipun kedah anor raga, jer pancen kawon inggil (nanging sampun pados pendhok! sampun ngantos ngomersiil jabatan); sabab manawi tiyang ngandhap (rakyat alit) boten purun andhap asor, nama boten wurus lan boten sumerep ing tata! Pramila murih ingkang nginggil sageda tetep kaaji-aji, perlu samia nandukaken tatakrami wau! Mirsanana malih dhawuhing surat Hijr ayat 88 sarta surat Tha Ha ayat 131.

Makaten ugi tawakkal (kumandel lan pasrah ing Allah), punika inggih satunggaling pakerti utama saha sifat ingkang pinuji, pramila inggih kadhawuhaken, supados dipun udiya saha dipun agemana ing padintenan ing pasrawungan, sabab tiyang ingkang tawakkal boten wonten gadhah raos ajrin kalayan sinten kemawon, kajawi manawi kraos salah utawi nglampahi dosa. Boten wonten tiyang tawakkal punika kekes, lan nglokro (boten purun usaha malih), malah tiyang ingkang tawakkal punika saged nggadhahi ilmi "future oriented" inggih punika tumindak kawicaksanan ing dinten punika sabagean ageng sampun kawawas dangu, lan katamtokaken petang-petangan wekdal ingkang badhe dhateng! Insya Allah! Makaten faidah ingkang wigatos piyambak, wallahu a'lam!

222. Syetan mau, gawene angslup marang sakabehe wong kang dhemen goroh lan dosa.

٢٢٢- تَنَزَّلُ عَلٰى كُلِّ اَفَّاكٍ اَثِيْمٍ ۙ

Tanazzalu 'alaa kulli affaakin atsiim.

223. Dheweke padha diwisik dening syetan (prakara ghaib) kang dirungu saka Malaikat, ananging kang akeh padha goroh.

٢٢٣- يُّلْقُوْنَ السَّمْعَ وَاَكْثَرُهُمْ كٰذِبُوْنَ ۝

Yulquunas sam'a wa aktsaruhum kaadzibuun.

224. Dene para pujangga (ahli sya'ir juru ngrumpaka), iku mung padha dinut dening wong kang padha kesasar (lacut).

٢٢٤- وَالشُّعَرَآءُ يَتَّبِعُهُمُ الْغَاوٗنَ ۝

Wasy syu'araa-u yattabi'u humul ghaawuun.

225. Muhammad, apa sira durung sumurup yen para ahli sya'ir mau padha nglembara bingung ana ing njero juranging gegorohan?

٢٢٥- اَلَمْ تَرَ اَنَّهُمْ فِيْ كُلِّ وَادٍ يَّهِيْمُوْنَ ۙ

Alam tara annahum fii kulli waadiy yahiimuun.

226. Lan sanyata para ahli sya'ir mau mung padha ngandhakake prakara kang ora padha dilakoni. 726)

٢٢٦- وَاَنَّهُمْ يَقُوْلُوْنَ مَا لَا يَفْعَلُوْنَ ۙ

Wa annahum yaquuluuna maa laa yaf'aluun.

---

726). Menggah wigatosing katerangan ayat no. 221-226 punika makaten: **Inggih punika minangka** anjawab ungelipun titiyang ingkang sami ngawon-awon, ngungelaken bilih Kanjeng Nabi s.a.w. punika tiyang kranjingan, kangslupan syetan utawi namung pujangga ahli ngarang sya'ir dados sanes Nabi Utusaning Allah! (Prayogi kula aturi maos malih surat Anbiyaa' ayat 2-10, lan surat Furqan ayat 4-9). Wonten ing ngriki pangawon-awon wau dipun jawab kados ingkang kadhawuhaken wonten ing ayat kasebat. Saupami kajereng makaten; Yen kowe padha andakwa Nabi Muhammad iku wong kranjingan utawa kangslupan syetan, ndak kandhani ya! Wong kangslupan syetan, iku wong kang dhemen goroh lan dhemen maksiyat, jalaran syetan mau dhemene iya goroh lan maksiyat. Ing mangka Nabi Muhammad mau babar pisan ora tau goroh lan ora tau maksiyatan! Dene manawa kowe padha ngarani yen Nabi Muhammad iku mung pujangga tukang ngarang sya'ir utawa ngrumpaka. Ndak tuturi ya! Pujangga tukang ngrumpaka, iku kang manut akeh-akehe mung kang padha mblasar utawa lacut. Dheweke tukang ngobrol, dhemen ngandhakake prakara kang ora dilakoni, omonge wae kemrusuk kaya udan sawengi, lan panemune blendra-blendre ora kena digondheli, sarta cature gleca-glece ora kena dicekeli. Balik Nabi Muhammad iku ora mangkono! Sekabate kang padha ndherek, becik-becik watak lan kalakuane, lan apa kang diucapake becik, mesthi dilakoni, lan kang ala, mesthi disingkiri, nadyan nganti tumekane nggombal utawa mati. Panemune para Nabi bener sarta tetep ora owah gingsir, lan celathune temen ora nalisir. Mula syetan-syetan mau ora gelem nyedhaki, apa maneh ngangslupi! Wis cetha ora!"

Kados makaten jerenganipun dhawuhing Ayat-Ayat wau ing sawatawis wigatosipun. Saking dhawuhing Ayat-Ayat wau cetha bilih Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. punika, sanes tiyang kranjingan lan sanes tukang ngarang sya'ir, ananging cetha wela-wela Nabi Utusaning Pangeran; salajengipun sadaya tindakipun, tansah jinangkung dening Allah SWT. Pramila sanadyan dipun awon-awon lan dipunremehaken, akhiripun inggih panjenenganipun ingkang unggul linangkung samukawisipun, kados dhawuhing Ayat salajengipun. Lan malih, saupami panjenenganipun wau yektos tiyang kranjingan, punapa inggih wonten, tiyang kranjingan saged gadhah lelabetan makaten, saged mimpin satunggaling Ummat utawi Bangsa ngantos dumugi puncaking kamulyan utawi kaluhuran, sarta saged gadhah tetilaran Agami lan Kabudayan ingkang Agung, saha kekah adegipun wonten ing Jagad rat pramudita kagem sadayaning Bangsa! Dhuh para sutrisna! rak inggih mokal boten pinanggih ing akal. Sumangga kagalih ingkang permati!

227. Kajaba wong-wong ahli-sya'ir kang padha iman, lan nindakake laku becik, lan maneh akeh anggone eling ing Allah, apadene padha wani males nglawan mungsuhe sawise padha dianiaya. Dene wong kang padha nganiaya, mesthi bakal sumurup ana ing ngendi anggone bakal padha bali (Akherat).

***).

٢٢٧. إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَذَكَرُوا اللَّهَ كَثِيرًا وَانْتَصَرُوا مِنْ بَعْدِ مَا ظُلِمُوا ۗ وَسَيَعْلَمُ الَّذِينَ ظَلَمُوا أَيَّ مُنْقَلَبٍ يَنْقَلِبُونَ ۝

Illalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati wa dzakarullaaha katsiiraw wantasharuu mim ba'di maa zhulimuu, wa saya'lamul ladziina zhalamuu ayya munqalabiy yanqalibuun.

***). Minangka panutuping katerangan ingkang sawatawis wigatos, inggih punika nyinau tandhinganipun (comperative study) saking surat Asy Syu'ara' lan surat An Naml (Semut) kados kasebat punika:

1. Kakalihipun surat wau paring panglipur dhumateng Rasulullah s.a.w. ingkang ngalami pinten-pinten cobining Pangeran awujud nandhang sengsara saking pokaling Ummatipun lan dipun mengsahi ing bab punapa kemawon!
2. Makaten ugi kakalihipun surat wau anerangaken sifat-sifatipun Al Quraan, lan anelakaken kaseksenipun bilih Quraan punika leres saking ngarsaning Allah SWT.
3. Surat An Naml (Semut) punika anjangkepaken katerangan-katerangan ingkang dereng kapacak ing surat Asy Syu'ara kadosta sejarahipun Nabi Sulaiman a.s., lan Nabi Daud a.s., Nabi Luth a.s. lan Nabi Musa a.s.

AN NAML (SEMUT)

Surat k ping 27 : 93 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat Asy Syu'ara'.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Thaa Siin (Hamung Allah pribadi kang Ngudaneni maksude). Iki Ayat-Ayating Al Quraan, yaiku sawijining Kitab Suci kang pratela.

١ . طٰسٓ ۚ تِلْكَ اٰيٰتُ الْقُرْاٰنِ وَكِتَابٍ مُّبِيْنٍ ۙ

Thaa Siin; tilka aayaatul qur-aani wa kitaabim mubiin.

2. Dadi pituduh lan bebungah tumrap wong-wong kang padha iman.

٢ . هُدًى وَّبُشْرٰى لِلْمُؤْمِنِيْنَ ۙ

Hudaw wa busyraa lil mu'miniin.

3. Yaiku wong-wong kang padha nindak-dakake Shalat sarta aweh Zakat, sarta padha yakin marang anane Akherat.

٣ . الَّذِيْنَ يُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُوْنَ الزَّكٰوةَ وَهُمْ بِالْاٰخِرَةِ هُمْ يُوْقِنُوْنَ ۝

Alladziina yuqiimuunash shalaata wa yu'tuunaz zakaata wahum bil aakhirati hum yuuqinuun.

4. Sanyata wong-wong kang ora iman marang anane Akherat, Ingsun paesi dheweke mau padha rumangsa becik kabeh tumindake, ing mangka dheweke mau kabeh, salawase padha bingung sajerone sasar!

٤ . اِنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ زَيَّنَّا لَهُمْ اَعْمَالَهُمْ فَهُمْ يَعْمَهُوْنَ ۝

Innalladziina laa yu'minuuna bil aakhirati zayyannaa lahum a'maalahum fahum ya'mahuun.

5. Wong kang mangkono mau bakal kapatrapan siksa kang ala, lan besuk ana ing Akherat padha luwih kapitunan.

٥ . اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ لَهُمْ سُوْٓءُ الْعَذَابِ وَهُمْ فِى الْاٰخِرَةِ هُمُ الْاَخْسَرُوْنَ ۝

Ulaa-ikal ladziina lahum suu-ul 'adzaabi wahum fil aakhirati humul akhsaruun.

Musa a.s. lan Muhammad s.a.w. karone nampa Kitab Suci saka ngarsaning Allah SWT'

6. Lan sanyata sira Muhammad, yekti kang katurunan Quraan terang saka ngarsaning Pangeran kang Wicaksana tur kang Maha Uninga.

٦ - وَإِنَّكَ لَتُلَقَّى الْقُرْآنَ مِنْ لَّدُنْ حَكِيمٍ عَلِيمٍ ٥

Wa innaka latulaqqal qur-aana mil-ladun hakiimin 'aliim.

7. Muhammad! sira nyritakna ing nalika Musa ngandika marang ahline: "Aku sumurup ana geni! aku arep anggawa pawarta marang sira saka kono, utawa anggawa geni mawa marang sira, supaya sira padha gegenen!

٧ - إِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِأَهْلِهِ إِنِّي آنَسْتُ نَارًا سَآتِيكُمْ مِّنْهَا بِخَبَرٍ أَوْ آتِيكُمْ بِشِهَابٍ قَبَسٍ لَّعَلَّكُمْ تَصْطَلُونَ ٥

Idz qaala muusaa li-ahlihii innii aanastu naaraa, sa-aatiikum minhaa bikhairin au aatiikum bisyihaabin qabasil la'allakum tash-thaaluun.

8. Bareng Musa tekan ing panggonane geni iku, dumadakan banjur katimbalan dening Allah: "Sanyata wus kaparingan berkah wong kang ana sacedhaking panggonan geni iku sarta wong-wong ing sakiwa tengene tanah Syam, Maha Suci Allah, Pangeraning Jagadrat pramudita!"

٨ - فَلَمَّا جَاءَهَا نُودِيَ أَنْ بُورِكَ مَنْ فِي النَّارِ وَمَنْ حَوْلَهَا ۖ وَسُبْحَانَ اللَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ٥

Falammaa jaa-ahaa nuudiya am-buurika man finnaari wa man haulahaa, wa subhaanallaahi rabbil 'aalamiin.

9. Allah paring dhawuh: "He Musa! sanyata Ingsun iki Allah, kang Maha Unggul tur Maha Wicaksana.

٩ - يَا مُوسَىٰ إِنَّهُ أَنَا اللَّهُ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ٥

Yaa muusaa innahuu anallaahul 'aziizul hakiim.

10. Lan uncalna tekenira!". Bareng dheweke sumurup teken mau nlosor dadi ula kang rikat playune, Musa banjur mungkur mlayu ora noleh. Pangandikane Allah: "He Musa! sira aja wedi, jalaran satemene para Utusan iku ora patut duwe rasa wedi ana ing ngarsanIngsun.

١٠ - وَأَلْقِ عَصَاكَ ۖ فَلَمَّا رَآهَا تَهْتَزُّ كَأَنَّهَا جَانٌّ وَلَّىٰ مُدْبِرًا وَلَمْ يُعَقِّبْ ۚ يَا مُوسَىٰ لَا تَخَفْ إِنِّي لَا يَخَافُ لَدَيَّ الْمُرْسَلُونَ ٥

Wa-alqi 'ashaaka, falammaa ra-aahaa tahtazzu ka-annahaa jaannuw wallaa mudbiraw walam yu'aqqib, yaa muusaa laa takhaf, innii laa yakhaafu ladayyal mursaluun.

11. Kajaba wong kang nganiaya, dheweke banjur angganti panggawe ala kang wus dilakoni kalawan panggawe becik, temen Allah paring pangapura, jalaran sanyata Ingsun Maha Ngapura tur Maha Asih.

١١ - إِلَّا مَنْ ظَلَمَ ثُمَّ بَدَّلَ حُسْنًا بَعْدَ سُوءٍ فَإِنِّي غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٥

Illaa man zhalama tsumma baddala husnam ba'da suu-in fa-innii ghafuurur rahiim.

12. Lan maneh sira Musa! ngleboknа tanganira ana ing kanthonganing klambi banjur wetokna, ing kono bakal katon putih mencorong ora ana cacade! Lah, saiki sira budhala marang Fir'aun lan kaume kalawan ngampil mu'jizat sangang Ayat, jalaran sanyata dheweke iku kaum kang padha duraka".

١٢- وَأَدْخِلْ يَدَكَ فِي جَيْبِكَ تَخْرُجْ بَيْضَاءَ مِنْ غَيْرِ سُوءٍ ۖ فِي تِسْعِ آيَاتٍ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَقَوْمِهِ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا قَوْمًا فَاسِقِينَ ۝

Wa-adkhil yadaka fii jaibika takhruj baidhaa-a min ghairi suu', fii tis'i aayaatin ilaa fir'auna wa qaumih, innahum kaanuu qauman faasiqiin.

13. Bareng mu'jizat-mu'jizatIngsun kang cetha iku tumeka ana sangarepe Fir'aun lan kaume, banjur padha ngucap: "Iki sihir kang nyata!".

١٣- فَلَمَّا جَاءَتْهُمْ آيَاتُنَا مُبْصِرَةً قَالُوا هَٰذَا سِحْرٌ مُبِينٌ ۝

Falammaa jaa-athum aayaatunaa mubshiratan qaaluu haadzaa sihrum mubiin.

14. Lan dheweke banjur padha nduwa angangasi marang mu'jizat-mu'jizat iku sarana lesane, ing mangka sajeroning atine padha yakin yen mu'jizat-mu'jizat iku saka ngarsaning Allah, dadi anggone padha angas iku mung jalaran saka aniaya lan gumedhe bae! Mara coba waspadakna kapriye katemahane wong-wong kang padha gawe rusak iku.

١٤- وَجَحَدُوا بِهَا وَاسْتَيْقَنَتْهَا أَنْفُسُهُمْ ظُلْمًا وَعُلُوًّا ۚ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُفْسِدِينَ ۝

Wa jahaduu bihaa wastaiqanat-haa anfusuhum zhulmaw wa 'uluwwaa, fanzhur kaifa kaana 'aaqibatul mufsidiin.

Nabi Sulaiman a.s. maris Karatone Nabi Dawud a.s.

15. Lan temen Ingsun wus paring 'ilmu marang Dawud sarta Sulaiman, sakarone padha memuji: "Sadaya puji kagunganipun Allah, ingkang sampun paring kanugrahan dhateng kita ngungkuli para kawulanipun titiyang Mu'min sadaya".

١٥- وَلَقَدْ آتَيْنَا دَاوُودَ وَسُلَيْمَانَ عِلْمًا ۖ وَقَالَا الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي فَضَّلَنَا عَلَىٰ كَثِيرٍ مِنْ عِبَادِهِ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Walaqad aatainaa daawuuda wa sulaimaana 'ilmaa, wa qaalal hamdulillaahil ladzii fadhdhalnaa 'alaa katsiirim min 'ibaadihil mu'miniin.

16. Lan Sulaiman wus maris Kanabiane, 'ilmu sarta Karatone Dawud. Lan Sulaiman ngucap: "He para manungsa! aku wus kaparingan kawruh bisa ngerti basane manuk, lan aku uga wus kaparingan samubarang (Kanabian lan Karaton), sanyata kang mangkono mau yekti kanugrahan kang nyata".

١٦- وَوَرِثَ سُلَيْمَانُ دَاوُودَ وَقَالَ يَا أَيُّهَا النَّاسُ عُلِّمْنَا مَنْطِقَ الطَّيْرِ وَأُوتِينَا مِنْ كُلِّ شَيْءٍ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ الْفَضْلُ الْمُبِينُ ۝

Wa waritsa sulaimaanu daawuuda wa qaala yaa ayyuhan naasu 'ullimnaa manthiqath thairi wa uutiinaa min kulli syai-in, inna haadzaa lahuwal fadhlul mubiin.

17. Para jin lan manungsa, apa dene manuk padha digiring seba menyang ngarsane Sulaiman, minangka dadi wadyabalane tinata apantha-pantha pirang-pirang bregada.

١٧- وَحُشِرَ لِسُلَيْمٰنَ جُنُوْدُهٗ مِنَ الْجِنِّ وَالْاِنْسِ وَالطَّيْرِ فَهُمْ يُوْزَعُوْنَ ۝

Wa husyira lisulaimaana junuuduhuu minal jinni wal insi waththairi fahum yuuza'uun.

18. Bareng wus tekan ing jurang Naml (jurang kang akeh semute), sawijining ratune semut ngucap marang kabeh semut kang ana ing kono: "He semut kabeh! sira padha mlebua menyang omahmu, supaya ora nganti kapidak mundhak rusak dening Nabi Sulaiman lan sawadyabalane, awit dheweke ora padha rumangsa.

١٨- حَتّٰٓى اِذَآ اَتَوْا عَلٰى وَادِ النَّمْلِ ۙ قَالَتْ نَمْلَةٌ يّٰٓاَيُّهَا النَّمْلُ ادْخُلُوْا مَسٰكِنَكُمْ ۚ لَا يَحْطِمَنَّكُمْ سُلَيْمٰنُ وَجُنُوْدُهٗ ۙ وَهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

Hattaa idzaa atau 'alaa waadin namli qaalat namlatuy yaa ayyuhan namludkhuluu masaakinakum, laa yahthimannakum sulaimaanu wa junuuduhuu wa hum laa yasy'uruun.

19. Nabi Sulaiman nuli gumujeng mesem, jalaran mireng omongane semut mau, banjur ando'a: "Dhuh Pangeran kawula! mugi Paduka paring ilham (pitulung) dhumateng kawula, supados kawula saged syukur dhumateng ni'mat Paduka, ingkang sampun Paduka paringaken dhumateng kawula tuwin dhumateng tiyang sepuh kawula, saha amrih kawula saged nglampahi kasaenan ingkang Paduka renani, tuwin mugi Paduka nglebetaken kawula kalayan Rahmat Paduka wonten ing golonganipun para kawula Paduka ingkang sami shaleh.

١٩- فَتَبَسَّمَ ضَاحِكًا مِّنْ قَوْلِهَا وَقَالَ رَبِّ اَوْزِعْنِيْٓ اَنْ اَشْكُرَ نِعْمَتَكَ الَّتِيْٓ اَنْعَمْتَ عَلَيَّ وَعَلٰى وَالِدَيَّ وَاَنْ اَعْمَلَ صَالِحًا تَرْضٰىهُ وَاَدْخِلْنِيْ بِرَحْمَتِكَ فِيْ عِبَادِكَ الصّٰلِحِيْنَ ۝

Fatabassama dhaahikam min qauiihaa wa qaala rabbi auzi'nii an asykura ni'matakal latii an'amta 'alayya wa 'alaa waalidayya wa-an a'mala shaalihan tardhaahu wa adkhilnii birahmatika fii 'ibaadikash-shaalihiin.

Nabi Sulaiman a.s. wawan ngandikan karo manuk Hud-Hud (Kuthilang).

20. Sulaiman anggoleki manuk Hud-Hud (Kuthilang)727) kang ora katon teka ana ngarsane, pangandikane: "Yagene ingsun ora pirsa manuk Hud-Hud (manuk Kuthilang), apa pancen dheweke lunga?

٢٠- وَتَفَقَّدَ الطَّيْرَ فَقَالَ مَا لِيَ لَآ اَرَى الْهُدْهُدَ ۖ اَمْ كَانَ مِنَ الْغَآئِبِيْنَ ۝

Wa tafaqqadath thaira faqaala maaliya laa aral-hudahuda am kaana minal ghaaibiin.

727). Utawi peksi platuk, sajenis peksi ingkang cekatan - pinter.

21. Temen dheweke bakal dak siksa kalawan siksa kang abot, utawa malah dak sembeleh, kajaba yen dheweke sowan marang aku kalawan anggawa katerangan alasan kang nyata, sababe anggone ora seba!"

٢١ - لَأُعَذِّبَنَّهُ عَذَابًا شَدِيدًا أَوْ لَأَاذْبَحَنَّهُ أَوْ لَيَأْتِيَنِّي بِسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ٥

La-u'adzdzibannahuu 'adzaaban syadiidan aulaa adzbakhannahuu au laya'tiyanii bishulthaanim mubiin.

22. Ora watara suwe manuk Hud-hud (Kuthilang) mau sowan ana ngarsane Sulaiman, nuli enggal matur: "Kula sumerep satunggaling prakawis ingkang Paduka dereng priksa, inggih punika kula sowan Paduka, saking Negari Saba' kalayan ambekta pawartos ingkang terang yakin. 728

٢٢ - فَمَكَثَ غَيْرَ بَعِيدٍ فَقَالَ أَحَطْتُ بِمَا لَمْ تُحِطْ بِهِ وَجِئْتُكَ مِن سَبَإٍ بِنَبَإٍ يَقِينٍ ٥

Famakatsa ghaira ba'iidin faqaala ahathtu bimaa lam tuhith bihii wa ji'tuka min saba-im binaba-iy yaqiin.

23. Sayektosipun kula sumerep Ratu Putri 729) ingkang ngratoni titiyang sa-negari Saba', sarwa kasembadan ing samukawisipun lan kagungan singasana ingkang ageng.

٢٣ - إِنِّي وَجَدتُّ امْرَأَةً تَمْلِكُهُمْ وَأُوتِيَتْ مِن كُلِّ شَيْءٍ وَلَهَا عَرْشٌ عَظِيمٌ ٥

Innii wajadtum ra-atan tamlikuhum wa uutiyat min kulli syai-iw walahaa 'arsyun 'azhiim.

24. Kula sumerep Ratu Putri wau dalah para kawulanipun sami sujud dhateng Surya, boten dhateng Allah, sarta sadaya tindakipun dipun pacak dening syetan, sami dipun simpangaken saking margi ingkang leres, pramila lajeng boten sami angsal pitedah".

٢٤ - وَجَدتُّهَا وَقَوْمَهَا يَسْجُدُونَ لِلشَّمْسِ مِن دُونِ اللَّهِ وَزَيَّنَ لَهُمُ الشَّيْطَانُ أَعْمَالَهُمْ فَصَدَّهُمْ عَنِ السَّبِيلِ فَهُمْ لَا يَهْتَدُونَ ٥

Wajad-tuhaa wa qaumahaa yas-juduuna lisysyamsi min duunillaahi wa zayyana lahumusy syaithaanu a'maalahum fashaddahum 'anis sabiili fahum laa yahtaduun.

25. Syetan nindakake kang mangkono mau, supaya dheweke ora padha manembah ing Allah kang ngetokake barang kang sumimpen ana ing Langit (udan), lan kang sumimpen ana ing Bumi (metal), lan PanjenengaNe kang Uninga barang kang padha sira samarake lan sira edhengake.

٢٥ - أَلَّا يَسْجُدُوا لِلَّهِ الَّذِي يُخْرِجُ الْخَبْءَ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَيَعْلَمُ مَا تُخْفُونَ وَمَا تُعْلِنُونَ ٥

Allaa yasjuduu lillaahil ladzii yukhrijul khab-a fissamaawaati wal ardhi wa ya'lamu maa tukhfuuna wamaa tu'linuun.

728). Nagari Saba' punika nami satunggaling Kerajan jaman kina, Kitha Krajanipun nami Ma'rib, sacelakipun kitha San'a, Kitha Krajan Yaman sapunika.

729). Ratu putri Balqis punika asma Kerajan Sabaiyah ing jamanipun Nabi Sulaiman a.s.

26. Allah, iku Pangeran kang sejati, ora ana Pangeran kang sinembah, kajaba mung PanjenengaNe piyambak, Pangeraning 'Arsy kang Agung".

٢٦ - اَللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيْمِ ۝

Allaahu laa-ilaaha illaa huwa rabbul 'arsyil 'azhiim.

27. Sulaiman ngandika marang manuk Hud-hud (Kuthilang): "Aku arep sumurup dhisik, apa sira iku temen utawa kalebu golongane kang padha goroh.

٢٧ - قَالَ سَنَنْظُرُ اَصَدَقْتَ اَمْ كُنْتَ مِنَ الْكٰذِبِيْنَ ۝

Qaala sananzhuru ashadaqta am kunta minal kaadzibiin.

28. Sira mangkata ngampil nawalanIngsun iki, nuli tibakna marang Ratu Putri sawadyabalane mau, sira banjur lungaa sarta delengen (satitekna) apa kang dirembug dening wong-wong mau".

٢٨ - اِذْهَبْ بِّكِتٰبِيْ هٰذَا فَاَلْقِهْ اِلَيْهِمْ ثُمَّ تَوَلَّ عَنْهُمْ فَانْظُرْ مَاذَا يَرْجِعُوْنَ ۝

Idzhab bikitaabii haadzaa fa-alqih ilaihim tsumma tawalla 'anhum fanzhur maadzaa yarji'uun.

29. Ratu Balqis semantan marang para panggedhene: "He para panggedhe! Iki ana nawala kang minulya tumiba ing ngarsaku.

٢٩ - قَالَتْ يٰٓاَيُّهَا الْمَلَؤُا اِنِّيْٓ اُلْقِيَ اِلَيَّ كِتٰبٌ كَرِيْمٌ ۝

Qaalat yaa ayyuhal mala-u innii ulqiya ilayya kitaabun kariim.

30. Nawala iki terang saka Sulaiman lan sanyata isine: Kalawan nyebut asmaning Allah kang Maha Murah Maha Asih.

٣٠ - اِنَّهٗ مِنْ سُلَيْمٰنَ وَاِنَّهٗ بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Innahuu min sulaimaana wa innahuu bismillaahir rahmaanir rahiim.

31. Sira kabeh aja padha kumaluhur ngungkuli marang Ingsun, sarta sira kabeh padha sowana ana ing ngarsaku perlu ngrasuk Agama Islam".

٣١ - اَلَّا تَعْلُوْا عَلَيَّ وَاْتُوْنِيْ مُسْلِمِيْنَ ۝

Allaa ta'luu 'alayya wa'tuunii muslimiin.

32. Ratu Balqis ngandika: "He para panggedhe! sira padha ngaturna pamrayoga ana ing prakaraku iki, aku ora pisan-pisan mutusake perkara, nganti sira padha seba nyekseni rembugan ana ing majlis ngarsaku".

٣٢ - قَالَتْ يٰٓاَيُّهَا الْمَلَؤُا اَفْتُوْنِيْ فِيْٓ اَمْرِيْ مَا كُنْتُ قَاطِعَةً اَمْرًا حَتّٰى تَشْهَدُوْنِ ۝

Qaalat yaa ayyuhal mala-u aftuunii amrii, maa kunta qaathi'atan amran hattaa tasyhaduun.

33. Para panggedhe padha matur: "Kita ingkang gadhah kekiyatan langkung santosa kanggo mangsah perang, wondene putusaning perkawis punika namung gumantung Paduka, sumangga punapa dhawuh Paduka dhumateng kita sami".

٣٣ - قَالُوْا نَحْنُ اُولُوْا قُوَّةٍ وَّاُولُوْا بَاْسٍ شَدِيْدٍ ۙ وَّالْاَمْرُ اِلَيْكِ فَانْظُرِيْ مَاذَا تَاْمُرِيْنَ ۝

Qaaluu nahnu uluu quwwatiw wa uluu ba'sin syadiidiw wal amru ilaiki fanzhurii maadzaa ta'muriin.

34. Ngandika Ratu Balqis: "Satemene adat istiadate para Raja iku manawa anjajah sawijining Negara, banjur sok ngrerusak Negara, sarta wargane kang mulya kadadekake asor, lah iya kaya mangkono iku tumindake para Raja.

٣٤- قَالَتْ إِنَّ الْمُلُوكَ إِذَا دَخَلُوا قَرْيَةً أَفْسَدُوهَا وَ
جَعَلُوا أَعِزَّةَ أَهْلِهَا أَذِلَّةً ۖ وَكَذَٰلِكَ يَفْعَلُونَ ۝

Qaalat innal muluuka idzaa dakhaluu qaryatan afsaduuhaa wa ja'aluu a'izzata ahlihaa adzillah, wa kadzaalika yaf-'aluun.

35. Satemene aku arep utusan marang Sulaiman kalawan anggawa pisungsung, banjur ngenteni bakal wangsulane marang para utusanku mau".

٣٥- وَإِنِّي مُرْسِلَةٌ إِلَيْهِم بِهَدِيَّةٍ فَنَاظِرَةٌ بِمَ يَرْجِعُ
الْمُرْسَلُونَ ۝

Wa innii mursilatun ilaihim bihadiyya-tin fanaazhiratum bima yarji'ul mur-saluun.

36. Bareng para utusan mau wus sowan ing ngarsane Sulaiman, nuli ngandika: "Apa sira kabeh nyaosi raja brana marang aku? Sanyata barang peparinge Allah marang aku, iku luwih becik tinimbang barang kang wus diparingake marang sira, nanging sira iku teka padha gedhe ati marang pisungsungira.

٣٦- فَلَمَّا جَاءَ سُلَيْمَانَ قَالَ أَتُمِدُّونَنِ بِمَالٍ فَمَا آتَانِيَ
اللَّهُ خَيْرٌ مِّمَّا آتَاكُم ۖ بَلْ أَنتُم بِهَدِيَّتِكُمْ تَفْرَحُونَ ۝

Falammaa jaa-a sulaimaana qaala atumid-duunani bimaalin famaa aataaniyallaahu khairum mimmaa aataakum, bal antum bihadiyyatikum tafrahuun.

37. Sira utusan! balia marang Negaranira, temenan aku bakal rawuh mrana kalawan kadherekake wadya bala kang ora bisa dilawan, sarta aku bakal nundhung wong-wong mau saka Negara Saba', dadi wong asor lan kadadekake boyongan".

٣٧- ارْجِعْ إِلَيْهِمْ فَلَنَأْتِيَنَّهُمْ بِجُنُودٍ لَّا قِبَلَ لَهُم بِهَا
وَلَنُخْرِجَنَّهُم مِّنْهَا أَذِلَّةً وَهُمْ صَاغِرُونَ ۝

Irji' ilaihim falana'tiyannahum bijunuu-dil laa qibala lahum bihaa walanukhrijan-nahum minhaa adzillataw wahum shaa-ghiruun.

38. Sulaiman ngandika: "He para panggedhe! sapa ing antaranira iku kang bisa nekakake singangsana dhampare kencana Ratu Balqis, sadurunge dheweke padha teka Islam ana ing ngarsaku kene".

٣٨- قَالَ يَا أَيُّهَا الْمَلَؤُا أَيُّكُمْ يَأْتِينِي بِعَرْشِهَا قَبْلَ أَن
يَأْتُونِي مُسْلِمِينَ ۝

Qaala yaa ayyuhal mala-u ayyukum ya'tiinii bi'arsyihaa qabla ay ya'tuunii muslimiin.

39. Ature 'Ifrit, sawijining jin kang wasis: "Kula ingkang saged andhatengaken singangsana wau wonten ngarsa Paduka, sadereng Paduka menyat jumeneng saking dhampar singangsana Paduka, saestu kawula punika santosa tur mitadosi".

٣٩- قَالَ عِفْرِيتٌ مِّنَ الْجِنِّ أَنَا آتِيكَ بِهِ قَبْلَ أَن
تَقُومَ مِن مَّقَامِكَ ۖ وَإِنِّي عَلَيْهِ لَقَوِيٌّ أَمِينٌ ۝

Qaala 'ifriitum minal jinni ana aatiika bihii qabla an taquuma mim maqaamik, wa innii 'alaihi laqawiyyun amiin.

40. Ature wong kang mangerti ilmuning Kitab: 730) "Kawula ingkang saged andhatengaken dhampar kencana wau wonten ing ngarsa Paduka, sadereng Paduka ngedhepaken netra!" Bareng Sulaiman priksa dhampar kencana mau wus ana ing ngarsane, nuli ngandika: "Mangkene iki saweneh kanugrahaning Pangeranku, minangka dadi cobaning awakku, apa aku gelem syukur, utawa aku malah kufur. Dene sing sapa syukur, sayekti syukure iku manfa'ati tumrap awake dhewe, lan sapa sing kufur, satemene Pangeranku iku kang Maha Sugih tur Maha Mulya".

٤٠. قَالَ الَّذِي عِنْدَهُ عِلْمٌ مِّنَ الْكِتٰبِ اَنَا اٰتِيْكَ بِهٖ
قَبْلَ اَنْ يَّرْتَدَّ اِلَيْكَ طَرْفُكَ ۭ فَلَمَّا رَاٰهُ مُسْتَقِرًّا عِنْدَهٗ
قَالَ هٰذَا مِنْ فَضْلِ رَبِّيْ ۙ لِيَبْلُوَنِيْٓ ءَاَشْكُرُ اَمْ
اَكْفُرُ ۭ وَمَنْ شَكَرَ فَاِنَّمَا يَشْكُرُ لِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ كَفَرَ
فَاِنَّ رَبِّيْ غَنِيٌّ كَرِيْمٌ ۝

Qaalal ladzii 'indahuu 'ilmum minal kitaabi anaa aatiika bihii qabla ay-yartadda ilaika tharfuka, falammaa ra-aahu mustaqirran 'indahuu qaala haadzaa min fadhli rabbii, liyabluwanii a-asykuru am akfur, waman syakara fa-innamaa yasykuru linafsih, waman kafara fa-inna rabbii ghaniyyun kariim.

41. Sulaiman ngandika: "Dhampare iku owahana sifate, ndak delenge apa dheweke mangerti bisa niteni dhampare apa ora; utawa apa dadi golongane wong kang ora oleh pituduh.

٤١. قَالَ نَكِّرُوْا لَهَا عَرْشَهَا نَنْظُرْ اَتَهْتَدِيْٓ اَمْ تَكُوْنُ
مِنَ الَّذِيْنَ لَا يَهْتَدُوْنَ ۝

Qaala nakirruu lahaa 'arsyahaa nanzhur atahtadii am takuunu minal ladziina laa yahtaduun.

42. Bareng Ratu Balqis wus teka sowan marang Sulaiman, nuli didangu: "Apa iki singangsananira?" Ature: "Kados-kados inggih punika!" Saderengipun panjenengan andangu, kula sampun kaparingan sumerap langkung rumiyin, 731) dene sowan kula punika perlu ngrasuk Agami Islam".

٤٢. فَلَمَّا جَاۗءَتْ قِيْلَ اَهٰكَذَا عَرْشُكِ ۭ قَالَتْ كَاَنَّهٗ هُوَ ۚ
وَاُوْتِيْنَا الْعِلْمَ مِنْ قَبْلِهَا وَكُنَّا مُسْلِمِيْنَ ۝

Falammaa jaa-at qiila ahaakadzaa 'arsyuk, qaalat ka-annahuu huwa wa uutiinal 'ilma min qablihaa wa kunnaa muslimiin.

43. Sesembahane Sang Ratu Pangeran liyane Allah iku sing ndadekake dheweke nyimpang saka dalan bener, mulane dheweke iku mane dadi golongane wong kang kafir.

٤٣. وَصَدَّهَا مَا كَانَتْ تَّعْبُدُ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ ۭ اِنَّهَا
كَانَتْ مِنْ قَوْمٍ كٰفِرِيْنَ ۝

Wa shaddahaa maa kaanat ta'budu min duunillaah, innahaa kaanat min qaumin kaafiriin.

730). Maksudipun Kitab ingkang kawahyokaken saderengipun Nabi Sulaiman a.s. inggih punika Kitab Zabur.

731). Raja putri Balqis sampun pirsa Kanabianipun Nabi Sulaiman a.s. ugi ingkang jumeneng Nata gung binathara ing Kerajan Palestina.

44. Didhawuhake marang Sang Ratu: "Sira manjinga ing dhatulaya, metu jrambah iki!" Bareng Sang Ratu sumurup jrambah sabrangan iku sarta kang dipidak dikira banyu kang lembak-lembak, Sang Ratu enggal-enggal mingkis nyampinge nganti katon wentise! Sulaiman ngandika: "Satemene iku mung diratakake nganggo lapis kaca". Ratu Balqis nuli munjuk marang Pangeran: "Dhuh Pangeran kawula! saestunipun kawula sampun sumarah sasarengan kaliyan Sulaiman dhumateng Allah Pangeraning Jagadraya!"

٤٤. قِيلَ لَهَا ادْخُلِي الصَّرْحَ فَلَمَّا رَأَتْهُ حَسِبَتْهُ لُجَّةً
وَكَشَفَتْ عَن سَاقَيْهَا ۚ قَالَ إِنَّهُ صَرْحٌ مُّمَرَّدٌ
مِّن قَوَارِيرَ ۗ قَالَتْ رَبِّ إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي وَأَسْلَمْتُ
مَعَ سُلَيْمَانَ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ٤٤

Qiila lahad-khulish sharha falammaa ra-at-hu hasibat-hu lujjataw wa kasyafat 'an saaqaihaa, qaala innahuu sharhum mumarradum min qawaariira qaalat rabbi innii zhalamtu nafsii wa aslamtu ma'a sulaimaana lillaahi rabbil 'aalamiin.

Anggone tumindak ingkar kaume Nabi Shaleh iku kang dadi tepa palupi.

45. Lan sanyata Ingsun wus ngutus Shaleh marang kaum Tsamud, isih kalebu kadange dhewe. Supaya dheweke andhawuhake: "Sira padha manembaha marang Allah!" Nanging jebulane ndadak wong-wong mau dadi rong golongan kang padha pasulayan.

٤٥. وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا إِلَىٰ ثَمُودَ أَخَاهُمْ صَالِحًا أَنِ اعْبُدُوا
اللَّهَ فَإِذَا هُمْ فَرِيقَانِ يَخْتَصِمُونَ ٤٥

Walaqad arsalnaa ilaa tsamuuda akhaahum shaalihan ani'budullaha fa-idzaa hum fariiqaani yakhtashimuun.

46. Shaleh ngandika: "He kaumku! geneya sira kesusu nyuwun enggal tumurune siksa sadurunge sira nyuwun kanthi becik (tobat)? mBok hiya sira padha enggal-enggal nyuwun pangapura bae marang Allah supaya sira kaparingan rahmat.

٤٦. قَالَ يَا قَوْمِ لِمَ تَسْتَعْجِلُونَ بِالسَّيِّئَةِ قَبْلَ الْحَسَنَةِ ۖ
لَوْلَا تَسْتَغْفِرُونَ اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ٤٦

Qaala yaa qaumi lima tasta'jiluuna bissayyi-ati qablal hasanah, laulaa tastaghfiruunallaaha la'allakum turhamuun.

47. Wong-wong mau padha matur: "Panjenengan tuwin titiyang ingkang ndherek Panjenengan punika murugaken kula sadaya sami cilaka". Shaleh mangsuli: "Kacilakanira iku saka ing ngarsane Allah (dudu aku sing dadi sabab), ananging sanyata sira iku kaum kang lagi dicoba".

٤٧. قَالُوا اطَّيَّرْنَا بِكَ وَبِمَن مَّعَكَ ۚ قَالَ طَائِرُكُمْ عِندَ
اللَّهِ ۖ بَلْ أَنتُمْ قَوْمٌ تُفْتَنُونَ ٤٧

Qaaluth thayyarnaa bika wa bimam ma'aka qaala thaa-irukum 'indallaahi bal antum qaumun tuftanuun.

48. Lan ing Nagara 732) kono ana sangang kulawarga kang padha gawe rusak ana ing Bumi, lan ora pisan-pisan wong-wong mau padha gawe becik.

٤٨. وَكَانَ فِي الْمَدِينَةِ تِسْعَةُ رَهْطٍ يُفْسِدُونَ فِي
الْأَرْضِ وَلَا يُصْلِحُونَ ٤٨

Wa kaana fil madiinati tis'atu rahthiy yufsiduuna fil ardhi walaa yushlihuun.

732). Para Ulama Tafsir anerangaken bilih punika Nagara Al Hijr, kitha ageng kaum Tsamud.

49. Wong-wong mau padha ngucap: "Sira padha ngajanana sumpah kalawan nyebut asmaning Allah, yen aku kabeh mesthi bakal mateni Shaleh dalah ahline, ing wayah bengi, aku kabeh banjur nerangake marang warise (waline): "Kula sadaya boten sumerap tiyang ingkang numpes ahlinipun Shaleh punika, lan saestunipun kula sadaya sami temen".

٤٩- قَالُوْا تَقَاسَمُوْا بِاللّٰهِ لَنُبَيِّتَنَّهٗ وَاَهْلَهٗ ثُمَّ لَنَقُوْلَنَّ لِوَلِيِّهٖ مَا شَهِدْنَا مَهْلِكَ اَهْلِهٖ وَاِنَّا لَصٰدِقُوْنَ ۝

Qaaluu taqaasamuu billaahi lanubayyitannahuu wa ahlahuu tsumma lanaquulanna liwaliyyihii maa syahidnaa mahlika ahlihii wa innaa lashaadiquun.

50. Wong-wong mau padha nandukake pangreka-daya, lan Ingsun uga nindakake pangreka daya sarta wong-wong mau ora padha krasa rumangsa.

٥٠- وَمَكَرُوْا مَكْرًا وَّمَكَرْنَا مَكْرًا وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

Wa makaruu makraw wa makarnaa makraw wahum laa yasy'uruun.

51. Muhammad! sira mikira kapriye wusanane pangreka dayane? Sanyata Ingsun wus ngrusak wong-wong mau, sarta kaum kulawargane kabeh.

٥١- فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ مَكْرِهِمْ اَنَّا دَمَّرْنٰهُمْ وَقَوْمَهُمْ اَجْمَعِيْنَ ۝

Fanzhur kaifa kaana 'aaqibatu makrihim annaa dammarnaahum wa qaumahum ajma'iin.

52. Omah-omahe wong-wong mau padha rubuh marga kagawa anggone padha nganiaya, sanyata kang mangkono mau, sayekti dadi tandha bukti tumrap wong-wong kang padha mangerti.

٥٢- فَتِلْكَ بُيُوْتُهُمْ خَاوِيَةً ۢ بِمَا ظَلَمُوْا ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ۝

Fatilka buyuutuhum khaawiyatam bimaa zhalamuu, inna fii dzaalika la-aayatal liqaumiy ya'lamuun.

53. Lan Ingsun wus slametake wong-wong kang padha iman sarta padha taqwa.[733]

٥٣- وَاَنْجَيْنَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَكَانُوْا يَتَّقُوْنَ ۝

Wa anjainal ladziina aamanuu wa kaanuu yattaquun.

54. Lan sira nyaritakna dongenge Luth, nalika ngandika marang kaume: "Apa pantes sira padha nindakake laku kang ala banget ing mangka sira kabeh padha sumurup alane?

٥٤- وَلُوْطًا اِذْ قَالَ لِقَوْمِهٖٓ اَتَاْتُوْنَ الْفَاحِشَةَ وَاَنْتُمْ تُبْصِرُوْنَ ۝

Wa luuthan idz qaala liqaumihii ata'tuunal faakhisyata wa antum tubshiruun.

733). Inggih punika Nabi Shaleh a.s. sarta para pandherekipun tiyang-tiyang Mu'min sadaya.

55. Geneya sira padha nekani wong-wong lanang kalawan syahwat, ora nekani marang wong wadon? Sanyata sira iku wong kang bodho ora mangerti akibat kedadeyane tumindakira iku".

٥٥- أَئِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ الرِّجَالَ شَهْوَةً مِّن دُونِ النِّسَاءِ ۚ بَلْ أَنتُمْ قَوْمٌ تَجْهَلُونَ ٥

A-innakum lata'tuunar rijaala syahwatam min duunin nisaa', bal antum qaumun tajhaluun.

56. Ora ana maneh wangsulane kaume, kajaba ngucap: "Tundhungen kulawargane Luth saka Negaranira, jalaran satemene dheweke iku padha ambeg sumuci-suci!" 734)

٥٦- فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِ إِلَّا أَن قَالُوا أَخْرِجُوا آلَ لُوطٍ مِّن قَرْيَتِكُمْ ۖ إِنَّهُمْ أُنَاسٌ يَتَطَهَّرُونَ ٥

Fama kaana jawaaba qaumihii illaa an qaaluu akhrijuu aala luuthim min qaryatikum, innahum unaasuy yatathaharuun.

57. Ing kono Ingsun banjur nylametake Luth saahline, kajaba bojone, dheweke wus Ingsun pasthekake dadi golongane wong kang tetep ana ing Neraka.

٥٧- فَأَنجَيْنَاهُ وَأَهْلَهُ إِلَّا امْرَأَتَهُ قَدَّرْنَاهَا مِنَ الْغَابِرِينَ ٥

Fa-anjainaahu wa ahlahuu illam ra-atahuu fadammarnaahaa minal ghaabiriin.

58. Wong-wong iku padha Ingsun turuni udan gegenturan, ngrusak wong iku kabeh, ala temen udan kang diturunake marang wong-wong kang dielingake dening Luth.

٥٨- وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِم مَّطَرًا ۖ فَسَاءَ مَطَرُ الْمُنذَرِينَ ٥

Wa amtharnaa 'alaihim matharaa, fa-saa-a matharul mundzariin.

59. Muhammad! sira ngucapna: "Sadaya puji kagunganipun Allah, lan kawilujengan mugi tetep dhumateng para kawulanipun ingkang sampun kapilih dening Panjenenganipun Allah". Apa Allah iku kang luwih becik, utawa apa kang padha disakuthokake dening wong-wong mau?

٥٩- قُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ وَسَلَامٌ عَلَىٰ عِبَادِهِ الَّذِينَ اصْطَفَىٰ ۗ آللَّهُ خَيْرٌ أَمَّا يُشْرِكُونَ ٥

Qulil hamdulillaahi wa salaamun 'alaa 'ibaadihil ladziinash thafaa, aallaahu khairun ammaa yusyrikuun.

JUZ 20

Dhawuh nyukuri ni'mat sarta manembah ing Allah.

60. Utawa apa ora luwih becik, Allah kang wus nitahake Langit-Langit lan Bumi, sarta

٦٠- أَمَّنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَأَنزَلَ لَكُم مِّنَ

734). Kaum Luth punika sami moyoki, bilih ingkang boten purun maksiyat homo sexual punika sumuci-suci, makaten anggepipun. Tiyang ingkang sampun krisis akhlaq mentalipun punika sering tumindak ugal-ugalan, kumawantun ingkang tanpa 'akal sehat, lajeng malah moyoki tiyang paring pepenget sae-sae. Panci tiyang ingkang Da'wah sering dipun cobi dening situasi lan kondisi ummatipun!
Sinten ingkang tahan napas, sadaya pamoyok boten karewes, punika ingkang sukses! makaten suraosing ayat: 56-59 kasebat.

السَّمَآءِ مَآءً فَأَنۢبَتۡنَا بِهِۦ حَدَآئِقَ ذَاتَ بَهۡجَةٍ
مَّا كَانَ لَكُمۡ أَن تُنۢبِتُواْ شَجَرَهَآ ءَإِلَٰهٌ مَّعَ ٱللَّهِ
بَلۡ هُمۡ قَوۡمٌ يَعۡدِلُونَ ۝

Amman khalaqas samaawaati wal ardha wa anzala lakum minas samaa-i maa-an fa-ambatnaa bihii hadaa-iqa dzaata bahjatin maa kaana lakum an tumbituu syajarahaa, a-ilaahum ma'allaah, bal hum qaumuy ya'diluun.

nurunake banyu saka Langit kanggo sira kabeh, Ingsun nuli nukulake kalawan banyu iku pirang-pirang kebon kang sarwa endah. Dudu sira kang nukulake wit-witane, apa ana Pangeran liya bebarengan kalawan Allah? Malah sanyatane wong-wong mau (kafir-kafir Mekkah) kaum kang nyimpang saka Agama kang bener.

٦١. أَمَّن جَعَلَ ٱلۡأَرۡضَ قَرَارٗا وَجَعَلَ خِلَٰلَهَآ أَنۡهَٰرٗا
وَجَعَلَ لَهَا رَوَٰسِيَ وَجَعَلَ بَيۡنَ ٱلۡبَحۡرَيۡنِ حَاجِزًاۗ
ءَإِلَٰهٞ مَّعَ ٱللَّهِۚ بَلۡ أَكۡثَرُهُمۡ لَا يَعۡلَمُونَ ۝

Amman ja'alal ardha qaraaraw wa ja'ala khilaalahaa anhaaraw wa ja'ala lahaa rawaasiya wa ja'ala bainal bahraini haajizaa, a-ilaahum ma'allaah, bal aktsaruhum laa ya'lamuun.

61. Apa ora luwih becik, Allah kang wus nitahake Bumi kanggo panggonan tetep lan wus andamel Bengawan-Bengawan mili ana ing sela-selane, lan andamel Gunung-Gunung kanggo panteking Bumi, lan wus andamel elet-elet ana ing antarane Segara loro, kang tawar lan kang asin. 735) Apa ana Pangeran liya bebarengan kalawan Allah? Sanyata akeh-akehe wong mau ora padha mangerti.

٦٢. أَمَّن يُجِيبُ ٱلۡمُضۡطَرَّ إِذَا دَعَاهُ وَيَكۡشِفُ ٱلسُّوٓءَ
وَيَجۡعَلُكُمۡ خُلَفَآءَ ٱلۡأَرۡضِۗ ءَإِلَٰهٞ مَّعَ ٱللَّهِۚ قَلِيلٗا
مَّا تَذَكَّرُونَ ۝

Ammay yujiibul mudh-tharra idzaa da'aahu wa yaksyifus suu-a wa yaj'alukum khulafaa-al ardhi, a-ilaahum ma'allaah, qaliilam maa tsakkaruuun.

62. Apa ora yen kang luwih becik iku Allah, kang anyembadani marang wong kasrakat kang gelem nyenyuwun marang PanjenengaNe, lan kang kapareng ngilangake kasusahan mau, apa dene PanjenengaNe iku kang ngatur sira kabeh kadadekake pirang-pirang kang padha nguwasani ana ing Bumi. Apa ana Pangeran liya kang bebarengan kalawan Allah? Sathithik banget, sira kang gelem nampa pepeling.

٦٣. أَمَّن يَهۡدِيكُمۡ فِي ظُلُمَٰتِ ٱلۡبَرِّ وَٱلۡبَحۡرِ وَمَن يُرۡسِلُ
ٱلرِّيَٰحَ بُشۡرَۢا بَيۡنَ يَدَيۡ رَحۡمَتِهِۦٓۗ ءَإِلَٰهٞ مَّعَ ٱللَّهِۚ
تَعَٰلَى ٱللَّهُ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ۝

Ammay yahdiikum fii zhulumaatil barri wal bahri wamay yursilur riyaaha busyram baina yaday rahmatih, a-ilaahum ma'allaah, ta'aalallaahu 'ammaa yusyrikuun.

63. Apa ora yen kang luwih becik iku, Allah kang wus nuduhake sira ana ing pepetenging Dharatan lan Segara, lan PanjenengaNe kang ngutus angin anggawa pawarta bungah andhisiki rahmat (udan) pepariNge. Apa ana Pangeran liya kang bebarengan kalawan Allah? Maha Luhur Allah tinimbang barang kang disekuthokake dening wong-wong mau.

735). Maksudipun Bengawan (toya tawa) ageng muaranipun lumebet ing Samudera toya asin; dados toya tawa saking dharatan wau boten langsung lajeng asin!

64. Apa ora yen kang luwih becik iku Allah kang miwiti nitahake makhluq, banjur sawuse mati ditangekake urip maneh, lan Pangeran kang paring rezeki marang sira kabeh saka Langit lan Bumi. Apa ana Pangeran liya kang bebarengan kalawan Allah? Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha nekakna tandha yekti, yen nyata ana Pangeran saliyane Allah, manawa sira iku pancen padha temen".

٦٤- أَمَّنْ يَبْدَؤُا الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ وَمَنْ يَرْزُقُكُمْ مِنَ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ ءَإِلَٰهٌ مَعَ اللَّهِ قُلْ هَاتُوا بُرْهَانَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ۝

Ammay yabda-ul khalqa tsumma yu'iiduhuu wamay yarzuqukum minas samaa-i wal ardh, a-ilaahum ma'allaah, qul haatuu burhaanakum inkuntum shaadiqiin.

65. Dhawuha sira Muhammad: "Uwong salumahing Bumi sakurebing Langit, ora ana kang weruh barang ghaib, mung Allah piyambak kang Uninga, lan wong-wong mau ora padha mangerti, besuk kapan bakal padha ditangekake urip maneh saka kubur?

٦٥- قُلْ لَا يَعْلَمُ مَنْ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ الْغَيْبَ إِلَّا اللَّهُ وَمَا يَشْعُرُونَ أَيَّانَ يُبْعَثُونَ ۝

Qul laa ya'lamu man fissamaawaati wal ardhil ghaiba illallaah, wamaa yasy'uruuna ayyaana yub'atsuun.

66. Sanyata ilmune wong-wong musyrik mau, ora bisa tekan marang perkara Akherat, malah padha mamang ana ing perkara mau, malah-malah sanyatane dheweke padha wuta ing bab perkara iku.

٦٦- بَلِ ادَّارَكَ عِلْمُهُمْ فِي الْآخِرَةِ بَلْ هُمْ فِي شَكٍّ مِنْهَا بَلْ هُمْ مِنْهَا عَمُونَ ۝

Baliddaaraka 'ilmuhum fil aakhirati bal hum fii syakkim minhaa, bal hum minhaa 'amuun.

Wong-wong kafir padha mbalak ing dina ditangekake saka kubur.

67. Wong-wong kafir padha ngucap: "Apa hiya, manawa kita sarta Bapa-Bapa kita wus padha ajur dadi lemah, apa bakal kelakon diwetokake saka kubur urip maneh?"

٦٧- وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا ءَإِذَا كُنَّا تُرَابًا وَآبَاؤُنَا أَئِنَّا لَمُخْرَجُونَ ۝

Wa qaalal ladziina kafaruu a-idzaa kunnaa turaabaw wa aabaa-unaa a-innaa lamukhrajuun.

68. Sanyata sadurunge Muhammad, perkara iku uga wus dijanjekake marang kita, lan marang Bapa-Bapa kita. Ora ana liya iki perkara, kajaba mung dongengan ngayawara obrolane para wong-wong kuna!"

٦٨- لَقَدْ وُعِدْنَا هَٰذَا نَحْنُ وَآبَاؤُنَا مِنْ قَبْلُ إِنْ هَٰذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ۝

Laqad wu'idnaa haadzaa nahnu wa aabaa-unaa min qablu in haadzaa illaa asaathiirul awwaliin.

69. Dhawuha sira Muhammad: "Sira kabeh padha lelungana anjajah Bumi, nuli andelenga lan mikira kapriye wekasane wong-wong kang padha dosa?"

٦٩- قُلْ سِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانْظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُجْرِمِينَ ۝

Qul siiruu fil ardhi fanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul mujrimiin.

70. Muhammad! sira aja pisan-pisan susah jalaran mung ngrasakake guneme wong-wong kang padha kafir, lan poma aja rupeg atimu jalaran pangreka dayane wong-wong mau kabeh.

٧٠- وَلَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ وَلَا تَكُنْ فِي ضَيْقٍ مِّمَّا يَمْكُرُونَ ۝

Walaa tahzan 'alaihim walaa takun fii dhaiqim mimmaa yamkuruun.

71. Lan wong-wong kafir padha ngucap: "Besuk kapan kalakone janji siksa iku, manawa sira padha temen!"

٧١- وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ۝

Wa yaquuluuna mataa haadzal wa'du in kuntum shaadiqiin.

72. Dhawuha sira Muhammad: "Mugamuga wae wus cerak kalakone, sawenehe siksa 736) kang padha sira suwun, enggal kalakone".

٧٢- قُلْ عَسَىٰ أَن يَكُونَ رَدِفَ لَكُم بَعْضُ الَّذِي تَسْتَعْجِلُونَ ۝

Qul 'asaa ay yakuuna radifa lakum ba'dhul ladzii tasta'jiluun.

73. Sanyata Pangeranira maringake Kanugrahane marang para manungsa, ananging akeh-akehe wong iku ora padha syukur!.

٧٣- وَإِنَّ رَبَّكَ لَذُو فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَشْكُرُونَ ۝

Wa inna rabbaka ladzuu fadhlin 'alan naasi walaakinna aktsarahum laa yasykuruun.

74. Lan sanyata Pangeranira iku yekti Ngawuningani perkara kang disingidake ana atine wong-wong mau, apa dene kang diedhengake!

٧٤- وَإِنَّ رَبَّكَ لَيَعْلَمُ مَا تُكِنُّ صُدُورُهُمْ وَمَا يُعْلِنُونَ ۝

Wa-inna rabbaka laya'lamu maa tukinnu shuduuruhum wamaa yu'linuun.

75. Ora ana sawiji wahe barang ghaib kang kalimput ana ing Langit lan Bumi, kajaba mesthi katulis ana ing Kitab kang cetha! yaiku ana ing Lauhil Mahfuzh.

٧٥- وَمَا مِنْ غَائِبَةٍ فِي السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ إِلَّا فِي كِتَابٍ مُّبِينٍ ۝

Wamaa min ghaa-ibatin fis-samaa-i wal ardhi illaa fii kitaabim mubiin.

Kanabiane Muhammad s.a.w. lan Al Quraan dadi bukti kabenerane.

76. Sanyata Quraan iku nyaritakake akeh-akehe perkara kang dianggo pasulayan dening wong-wong Yahudi lan Nasrani ing bab perkarane wong Bani Israil.

٧٦- إِنَّ هَٰذَا الْقُرْآنَ يَقُصُّ عَلَىٰ بَنِي إِسْرَائِيلَ أَكْثَرَ الَّذِي هُمْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۝

736). Sawenehipun siksa inggih punika tiyang kafir sami kawon nalika perang Badar, makaten Ulama tafsir anerangaken.

Inna haadzal qur-aana yaqushshu 'alaa banii israa-iila aktsaral ladzii hum fiihi yakhtalifuun.

77. Lan sanyata Quraan iku yekti dadi pituduh, lan dadi rahmat tumrap wong-wong kang padha iman.

٧٧ - وَإِنَّهُۥ لَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ ۝

Wa innahuu lahudaw wa rahmatul lil mu'miniin.

78. Sanyata Pangeranira iku bakal mutusi ana ing antarane wong-wong mau kabeh kalawan hukume kang haq, lan PanjenengaNe iku Maha Gagah Prakosa tur Maha Uninga.

٧٨ - إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِى بَيْنَهُم بِحُكْمِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْعَلِيمُ ۝

Inna rabbaka yaqdhii bainahum bihukmihii, wa huwal 'aziizul 'aliim.

79. Sira pasraha marang Allah, jalaran sanyata sira iku kang ana ing bener tur kang nyata.

٧٩ - فَتَوَكَّلْ عَلَى ٱللَّهِ ۖ إِنَّكَ عَلَى ٱلْحَقِّ ٱلْمُبِينِ ۝

Fatawakkal 'alallaah, innaka 'alal haqqil mubiin.

80. Sanyata sira ora bisa ndadekake wong mati krungu, lan sira ora bisa ndadekake wong budheg krungu pangajakira, wong-wong mau pancen padha malengos ngungkurake.

٨٠ - إِنَّكَ لَا تُسْمِعُ ٱلْمَوْتَىٰ وَلَا تُسْمِعُ ٱلصُّمَّ ٱلدُّعَآءَ إِذَا وَلَّوْا مُدْبِرِينَ ۝

Innaka laa tusmi'ul mautaa walaa tusmi'ush shummad du'aa-a idzaa wallau mudbiriin.

81. Lan sira iku dudu kang bisa aweh pituduh marang wong kang wuta atine marga anggone kesasar. Sira ora bisa gawe krungu ing wong iku, kajaba marang wong-wong kang iman ing Ayat-AyatIngsun, dheweke nuli padha sumarah ing Allah.

٨١ - وَمَآ أَنتَ بِهَٰدِ ٱلْعُمْىِ عَن ضَلَٰلَتِهِمْ ۖ إِن تُسْمِعُ إِلَّا مَن يُؤْمِنُ بِـَٔايَٰتِنَا فَهُم مُّسْلِمُونَ ۝

Wamaa anta bihaadil 'umyi 'an dhalaalatihim, in tusmi'u illaa may yu'minu biaayaatinaa fahum muslimuun.

Dahuru ing waktu tekane dina Qiyamat.

82. Lan nalika putusan siksa Naraka wus cedhak tumibane marang wong-wong kang padha kafir, Ingsun ngetokake sawijining sato bangsane kewan sak Bumi kang bisa ngucap marang wong-wong mau, yen sanyatane manungsa iku ora padha yakin marang Ayat-AyatIngsun.

٨٢ - وَإِذَا وَقَعَ ٱلْقَوْلُ عَلَيْهِمْ أَخْرَجْنَا لَهُمْ دَآبَّةً مِّنَ ٱلْأَرْضِ تُكَلِّمُهُمْ أَنَّ ٱلنَّاسَ كَانُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا لَا يُوقِنُونَ ۝ ع ٦ ٢

Wa idzaa waqa'al qaulu 'alaihim akhrajnaa lahum daabbatam minal ardhi tukallimuhum annan naasa kaanuu bi-aayaatinaa laa yuuqinuun.

83. Lan elinga, ing besuk dina Qiyamat Ingsun ngumpulake saben ummat sagolongan-sagolongan, wong-wong kang maido ing Ayat-AyatIngsun padha ditahan sarta digiring marang Naraka.

٨٣ - وَيَوْمَ نَحْشُرُ مِنْ كُلِّ أُمَّةٍ فَوْجًا مِّمَّنْ يُكَذِّبُ بِآيَاتِنَا فَهُمْ يُوزَعُونَ ۝

Wa yauma nahsyuru min kulli ummatin faujam mimmay yukadzdzibu bi-aayaatinaa fahum yuuza'uun.

84. Sahingga nalikane wong-wong mau wus tekan marang panggonane kumpul, Allah ngandika: "Apa sira kabeh kang wus padha maido marang Ayat-AyatIngsun, ing mangka sira durung padha mangerti Ayat iku kalawan anglimputi? Apa bae kang wus padha sira tindakake nalika sira durung mikir Ayat-Ayat mau?"

٨٤ - حَتَّىٰ إِذَا جَاءُوا قَالَ أَكَذَّبْتُم بِآيَاتِي وَلَمْ تُحِيطُوا بِهَا عِلْمًا أَمَّاذَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝

Hattaa idzaa jaa-uu qaala akadzdzabtum bi-aayaatii walam tuhiithuu bihaa 'ilman ammaa dzaa kuntum ta'maluun.

85. Dhawuh putusaning siksa katetepake marang wong-wong mau jalaran anggone padha tumindak aniaya, mangka wong-wong mau ora padha bisa matur apa-apa.

٨٥ - وَوَقَعَ الْقَوْلُ عَلَيْهِم بِمَا ظَلَمُوا فَهُمْ لَا يَنطِقُونَ ۝

Wawaqa'al qaulu 'alaihim bimaa zhalamuu fahum laa yanthiquun.

86. Apa dheweke durung sumurup yen sanyatane Ingsun wus andamel wengi supaya dheweke padha lerem ana ing kono, lan andamel rina supaya madhangi kanggo golek pangupajiwa? Sanyata kang mangkono iku dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang padha iman.

٨٦ - أَلَمْ يَرَوْا أَنَّا جَعَلْنَا اللَّيْلَ لِيَسْكُنُوا فِيهِ وَالنَّهَارَ مُبْصِرًا ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ۝

Alam yarau annaa ja'alnal laila liyaskunuu fiihi wannahaara mubshiraa, inna fii dzzalika la-aayaatil liqaumiy yu'minuun.

87. Ing besuk dina Qiyamat nalika selompret kalasangka wus disebul, mangka sapa wae kang ana ing kabeh Langit lan Bumi padha kaget, kajaba kang dadi kaparenging karsane Allah, kabeh banjur padha sowan marang ngarsane Allah kalawan andhap asor.

٨٧ - وَيَوْمَ يُنفَخُ فِي الصُّورِ فَفَزِعَ مَن فِي السَّمَاوَاتِ وَمَن فِي الْأَرْضِ إِلَّا مَن شَاءَ اللَّهُ ۚ وَكُلٌّ أَتَوْهُ دَاخِرِينَ ۝

Wa yauma yunfakhu fish-shuuri fafazi'a man fis-samaawaati wa man fil ardhi illaa man syaa-allaah, wa kullun atauhu daakhiriin.

88. Lan sira Muhammad sumurup Gunung-Gunung ana ing Bumi, sira andak ngira manawa Gunung iku tetep bae ana ing panggonane, ing mangka Gunung-Gunung mau padha lumaku kaya dene lumakuning mega. Hiya kaya mangkono iku dedamelaning Allah kang wus kukuh ing samubarange. Sanyata PanjenengaNe iku kang Waspada marang kabeh kang padha sira tindakake.

٨٨ - وَتَرَى الْجِبَالَ تَحْسَبُهَا جَامِدَةً وَهِيَ تَمُرُّ مَرَّ السَّحَابِ ۚ صُنْعَ اللَّهِ الَّذِي أَتْقَنَ كُلَّ شَيْءٍ ۚ إِنَّهُ خَبِيرٌ بِمَا تَفْعَلُونَ ۝

Wa taral jibaala tahsabuhaa jaamidataw wahiya tamurru marras sahaab, shun'allaahil ladzii atqana kulla syai-in innahuu khabiirum bimaa taf'aluun.

89. Sapa sing sowane ana ngarsaning Allah kanthi sangu laku becik, yekti dheweke nampa ganjaran kang angluwihi kabecikaning lakune mau, lan dheweke padha sinantosakake satemah dadi tentrem saka kageting atine ing dina iku.

٨٩- مَنْ جَآءَ بِالْحَسَنَةِ فَلَهٗ خَيْرٌ مِّنْهَا ۚ وَهُمْ مِّنْ فَزَعٍ يَّوْمَئِذٍ اٰمِنُوْنَ ۝

Man jaa-a bil-hasanati falahuu khairum minhaa, wahum min faza'iy yaumaidzin âaminuun.

90. Dene sapa sing sowan kalawan anggawa laku ala, iku rai-raine dijlungupake ana ing Naraka, sira kabeh ora padha diwales, kajaba miturut apa kang biyen wus sira tindakake nalika ana ing Donya.

٩٠- وَمَنْ جَآءَ بِالسَّيِّئَةِ فَكُبَّتْ وُجُوْهُهُمْ فِى النَّارِ ۭ هَلْ تُجْزَوْنَ اِلَّا مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Waman jaa-a bis-sayyi-ati fakubbat wujuuhuhum fin-naar, hal tujzauna illaa maa kuntum ta'maluun.

91. Sanyata aku wus kadhawuhan supaya nyembah marang Pangeraning iki Negara Mekkah, kang PanjenengaNe wus andamel Tanah Haram dadi tanah kang dimulyakake, lan mung kagunganing Allah piyambak samubarang, lan aku wus kadhawuhan supaya dadi golongane wong-wong kang padha Islam, kang sumarah sarta dhedhepe ing Allah.

٩١- اِنَّمَآ اُمِرْتُ اَنْ اَعْبُدَ رَبَّ هٰذِهِ الْبَلْدَةِ الَّذِىْ حَرَّمَهَا وَلَهٗ كُلُّ شَىْءٍ ۡ وَّاُمِرْتُ اَنْ اَكُوْنَ مِنَ الْمُسْلِمِيْنَ ۝

Innamaa umirtu an a'buda rabba haadzihil baldatil ladzii harramahaa walahuu kullu syai-iw wa umirtu an akuuna minal muslimiin.

92. Lan supaya aku maca Quraan, mangka sapa sing oleh pituduh, yekti pituduhe iku manfa'ati tumrap awake dhewe, dene sing sapa kesasar, tumuli dhawuha sira Muhammad: "Sanyata aku iki sawenehe Utusan kang padha aweh pepeling".

٩٢- وَاَنْ اَتْلُوَا الْقُرْاٰنَ ۚ فَمَنِ اهْتَدٰى فَاِنَّمَا يَهْتَدِىْ لِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ ضَلَّ فَقُلْ اِنَّمَآ اَنَا مِنَ الْمُنْذِرِيْنَ ۝

Wa an atluwal qur-aan, famanihtadaa fa-innamaa yahtadii linafsihii, wa man dhalla faqul innamaa ana minal mundziriin.

93. Lan sira ngucapa: "Kabeh puji kagungaNe Allah. PanjenengaNe bakal nuduhake tandha-tandha yekti Ka-Esa-aNe lan KakuwasaaNe sarta sira kabeh bakal padha sumurup". Muhammad, Pangeranira iku ora pisan-pisan kasupen saka barang kang wus padha sira tindakake". ***)

٩٣- وَقُلِ الْحَمْدُ لِلّٰهِ سَيُرِيْكُمْ اٰيٰتِهٖ فَتَعْرِفُوْنَهَا ۭ وَمَا رَبُّكَ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ۝

Wa qulil hamdulillaahi sayuriikum aayaatihii fata'rifuu nahaa, wamaa rabbuka bighaafilin 'ammaa ta'maluun.

***). Para sutrisna, minangka panutuping katerangan ingkang sawatawis wigatos, inggih punika nyinau tandhinganipun (comparative study of Quran) saking surat An Naml lan surat Al Qashash (Carita-carita) kados makaten: 1. Surat An Naml anerangaken sirna gempang ummat Nabi Shaleh sarta ummatipun Nabi Luth, katemahanipun duraka dhumateng dhawuhing Allah lan Nabi-nipun, dene ing surat Al Qashash namung sawatawis kemawon. 2. Surat An Naml anerangaken sarana cekak aos mbalela murka angkaranipun titiyang kafir mbantahipun dhumateng dinten Qiyamat, lajeng dhumateng piyambakipun katerangaken sawatawis dinten dipun tangekaken lan gesang malih saking kubur perlu dipun hisab, ing surat Al Qashash dipun gamblangaken malih! 3. Bagean akhir, kakalihipun surat wau andhawuhaken manembah ing Allah lan dhawuh supados sering maos Ayat-Ayat Al Quraan. 4. Kakalihipun surat wau, kawiwitan sarana huruf Abjad, sami-sami anerangaken sifat-sifatipun Al Quraan, lan sejarahipun Nabi Musa a.s., dene surat Al Qashash nerangaken sejarahipun langkung gamblang malih.

AL QASHASH (CARITA-CARITA)

Surat kaping 28 : 88 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 52 tumeka ayat 55 kawahyokake ana ing Madinah, lan ayat 85 ana ing Juhfah nalika Kanjeng Nabi s.a.w. Hijrah. Tumurun sawuse surat An Naml (Semut)

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Sejarahe Nabi Musa a.s. lan Fir'aun sawijining bukti kabeneraning Al Quraan.

1. Thaa Siin Miin (Hamung Allah pribadi kang Uninga maksude)

١ - طٰسٓمٓ ۝

Thaa Siin Miim.

2. Ayat-Ayate Kitab Al Quraan iki sanyata nerangake (batal-haram lan parentah sarta cegah) saka ngarsa dalem Allah.

٢ - تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ۝

Tilka aayaatul kitaabil mubiin.

3. Ingsun macakake marang sira Muhammad, caritane Musa lan Fir'aun kalawan sabenere, tumrap wong kang padha iman.

٣ - نَتْلُوْا عَلَيْكَ مِنْ نَّبَاِ مُوْسٰى وَفِرْعَوْنَ بِالْحَقِّ لِقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ۝

Natluu 'alaika min naba-i muusaa wa fir'auna bil-haqqi liqaumiy yu'minuun.

4. Sanyata Fir'aun iku kumaluhur ana ing Bumi, lan wus andadekake uwong ing Negarane panthan-panthan (ecrah), Fir'aun nyawiyah sapantha saka wong Bani Israil, yaiku nyembelih anak-anake lanang, lan nglestarekake urip anak-anake wadon. Sanyata Fir'aun iku golongane wong kang padha agawe rusak ana ing Bumi.

٤ - اِنَّ فِرْعَوْنَ عَلَا فِى الْاَرْضِ وَجَعَلَ اَهْلَهَا شِيَعًا يَّسْتَضْعِفُ طَآئِفَةً مِّنْهُمْ يُذَبِّحُ اَبْنَآءَهُمْ وَيَسْتَحْىٖ نِسَآءَهُمْ ۭ اِنَّهٗ كَانَ مِنَ الْمُفْسِدِيْنَ ۝

Inna fir'auna 'alaa fil ardhi wa ja'ala ahlahaa syiya'ay yastadh'ifu thaa-ifatam minhum yudzabbihu abnaa-ahum wa yastahyii nisaa-ahum, innahuu kaana minal mufsidiin.

٥ - وَنُرِيدُ أَنْ نَّمُنَّ عَلَى الَّذِينَ اسْتُضْعِفُوا فِي الْأَرْضِ وَنَجْعَلَهُمْ أَئِمَّةً وَّنَجْعَلَهُمُ الْوَارِثِينَ ۝

5. Lan Ingsun karsa paring kanugrahan marang wong-wong kang disawiyah ana ing Bumi Negara kono, lan Ingsun bakal ngangkat wong-wong mau kadadekake Panuntun lan Ingsun dadekake uga wong-wong kang nampa waris saka raja-branane Fir'aun.

Wa nuriidu an namunna 'alal ladziinas tudh'ifuu fil ardhi wa naj'alahum a-immataw wa naj'alahumul waaritsuun.

٦ - وَنُمَكِّنَ لَهُمْ فِي الْأَرْضِ وَنُرِيَ فِرْعَوْنَ وَهَامَانَ وَجُنُودَهُمَا مِنْهُم مَّا كَانُوا يَحْذَرُونَ ۝

6. Padha Ingsun lulusake manggon ana ing Bumi Negara kono, lan Ingsun nuduhake marang Fir'aun sarta Haman lan wadyabalane, ing perkara kang padha dikuwatirake,737) yaiku ilange Karatone jalaran ana siji kang dilahirake saka golongane bangsa Israil.

Wa numakkina lahum fil ardhi wa nuriya fir'auna wa haamaana wa junuuda humaa minhum maa kaanuu yahdzaruun.

٧ - وَأَوْحَيْنَا إِلَىٰ أُمِّ مُوسَىٰ أَنْ أَرْضِعِيهِ فَإِذَا خِفْتِ عَلَيْهِ فَأَلْقِيهِ فِي الْيَمِّ وَلَا تَخَافِي وَلَا تَحْزَنِي ۖ إِنَّا رَادُّوهُ إِلَيْكِ وَجَاعِلُوهُ مِنَ الْمُرْسَلِينَ ۝

7. Ingsun paring wahyu marang Ibune Musa, dhawuhIngsun: "Sira nyusonana anakira, dene manawa sira kuwatir yen nganti bayi mau disembelih, iya cemplungna bae ing Bengawan, lan poma sira aja was sumelang, lan aja susah, jalaran Ingsun mesthi bakal ambalekake bayi iku marang sira, sarta Ingsun dadekake golongane para Utusan".

Wa auhainaa ilaa ummi muusaa an ardhi'iihi fa-idzaa khifti 'alaihi fa-alqiihi fil yammi walaa takhaafii walaa tahzanii, innaa raadduuhu ilaiki wa jaa'iluuhu minal mursaliin.

Nabi Musa a.s. dikintirake ing Bengawan Nil, kanggo nylametake ummate.

٨ - فَالْتَقَطَهُ آلُ فِرْعَوْنَ لِيَكُونَ لَهُمْ عَدُوًّا وَحَزَنًا ۗ إِنَّ فِرْعَوْنَ وَهَامَانَ وَجُنُودَهُمَا كَانُوا خَاطِئِينَ ۝

8. Sawuse bayi mau dicemplungake, banjur ditemu dening kulawargane Fir'aun, supaya wekasane dadi mungsuhe lan nyusahake marang wong-wong mau, sanyata Fir'aun lan Haman patihe sarta wadyabalane iku padha luput.

Faltaqathahuu aalu fir'auna liyakuuna lahum 'aduwwaw wa hazanaa, inna fir'auna wa haamaana wa junuuda humaa kaanuu khaathi-iin.

٩ - وَقَالَتِ امْرَأَتُ فِرْعَوْنَ قُرَّتُ عَيْنٍ لِّي وَلَكَ ۖ لَا تَقْتُلُوهُ عَسَىٰ أَنْ يَنفَعَنَا أَوْ نَتَّخِذَهُ وَلَدًا وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ۝

9. Garwane Fir'aun matur: "Lare punika nentremaken paningal kula lan panjenengan. Pramila sampun ngantos bayi wau panjennengan pejahi, mugi-mugi wontena manfa'atipun tumrap kita sami, utawi malah kita pundhut dados putra angkat". Kulawargane Fir'aun ngalap anak angkat ora sumurup yen tembe mburi kang bakal ngrusak Karatone Fir'aun iku, hiya bayi mau!

Wa qaalatim-ra-atu fir'auna qurratu 'ainil lii walaka, laa taqtuluuhu, 'asaa ay yanfa'anaa au nattakhidzahuu waladaw wahum laa yasy'uruun.

737). **Ingkang dipun kuwatosaken Fir'aun dalah sawadyabalanipun punika, badhe ambruk-sirnanipun dinasti lan Kerajan Fir'aun, inggih punika Kautusipun Nabi Musa a.s. lan Nabi Harun a.s. ambangun masyarakat Tauhid, sarta damel kasaenan (amal shaleh) ing ummat Bani Israil.**

10. Sawuse oleh pawarta yen bayi mau wus ditemu dening Fir'aun, atine Ibune Musa lali marang parjanjiyane Allah kang wus didhawuhake biyen, sarta ora ana maneh kang dirasakake kajaba Musa yen nganti dipateni, saupama dheweke ora Ingsun kuwatake kalawan kasabaran iku, meh wae dheweke mblakakake yen bayi iku sajatine anake dhewe. Ingsun kuwatake atine kalawan kasabaran iku, supaya dheweke dadi golongane wong-wong kang iman.

١٠- وَأَصْبَحَ فُؤَادُ أُمِّ مُوسَىٰ فَٰرِغًا إِن كَادَتْ لَتُبْدِي
بِهِۦ لَوْلَآ أَن رَّبَطْنَا عَلَىٰ قَلْبِهَا لِتَكُونَ مِنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۝

Wa ash-bahu fu-aadu ummi muusaa faarighaa, in kaadat latubdii bihii laulaa arrabathnaa 'alaa qalbihaa litakuuna minal mu'miniin.

11. Ibune ngucap marang mbakyune Musa, yaiku Maryam: "Kowe ngetutna adhimu si Musa, kang nganti bisa nerangake marang aku kang sabenere". Maryam nuli ngawasake bayi mau saka kadohan, dene wong-wong kulawargane Fir'aun, ora padha mangerti yen dheweke iku sadulure.

١١- وَقَالَتْ لِأُخْتِهِۦ قُصِّيهِ فَبَصُرَتْ بِهِۦ عَن جُنُبٍ وَهُمْ
لَا يَشْعُرُونَ ۝

Wa qaalat li-ukhtihii qushshiihi fabashurat bihii 'an junubiw wahum laa yasy'uruun.

12. Lan Ingsun nyegah wong-wong wadon kang arep nyusoni, supaya Musa ora disusoni dening wong-wong mau, sadurunge Ibune Musa teka. Ing kono sadulure wadon nuli matur: "Punapa panjenengan sami karsa kula tedahi ibu ingkang saged anggulawenthah bayi punika, sarta boten sembrana anggenipun nesepi tuwin ngupakara bayi punika?"

١٢- وَحَرَّمْنَا عَلَيْهِ ٱلْمَرَاضِعَ مِن قَبْلُ فَقَالَتْ هَلْ أَدُلُّكُمْ
عَلَىٰٓ أَهْلِ بَيْتٍ يَكْفُلُونَهُۥ لَكُمْ وَهُمْ لَهُۥ نَٰصِحُونَ ۝

Wa harramnaa 'alaihil maraadhi'a min qablu faqaalat hal adullukum 'alaa ahli baitiy yakfuluunahuu lakum wahum lahuu naashihuun.

13. Ingsun banjur ambalekake Musa marang Ibune, supaya andadekake tentreming paningale, dimen aja susah atine sarta supaya mangerti yen sajatine janjining Allah iku mesthi benere, ananging akeh-akehe wong-wong iku ora padha mangerti.

١٣- فَرَدَدْنَٰهُ إِلَىٰٓ أُمِّهِۦ كَىْ تَقَرَّ عَيْنُهَا وَلَا تَحْزَنَ وَلِتَعْلَمَ
أَنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Faradadnaahu ilaa ummihii kay taqarra 'ainuhaa walaa tahzana wa lita'lama anna wa'dallaahi haqquw walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

Musa a.s. diparingi ilham lan hikmah amrih sarwa sawega jumeneng Rasul.

14. Bareng Musa wus diwasa sampurna kekuwatane, Ingsun nuli paring kawicaksanan lan ilmu marang dheweke, kaya dene kang wus Ingsun rantam marang Musa lan Ibune, mangkono uga Ingsun angganjar marang wong-wong kang padha becik tindake!

١٤- وَلَمَّا بَلَغَ أَشُدَّهُۥ وَٱسْتَوَىٰٓ ءَاتَيْنَٰهُ حُكْمًا وَعِلْمًا ۚ
وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ۝

Walammaa balagha asyuddahuu wastawaa aatainaahu hukmaw wa 'ilmaa, wa kadzaalika najzil muhsiniin.

15. Musa mau malebu menyang kutha Nagarane Fir'aun nalika wong-wonge Negara kono pinuju lena, dheweke nuli ketemu karo wong loro kang lagi pancakara, kang siji kalebu golongane Musa, lan sijine maneh golongane mungsuhe. Wong golongane Musa nyuwun tulung supaya Musa nglawan mungsuhe. Musa banjur mbithi, anjalari tumekaning patine. Musa banjur kawetu pangucape: "O, hiya iki saka panggawene syetan, sanyata syetan iku mungsuh kang nyata nyasarake". 738)

١٥. وَدَخَلَ الْمَدِينَةَ عَلَىٰ حِينِ غَفْلَةٍ مِّنْ أَهْلِهَا فَوَجَدَ فِيهَا رَجُلَيْنِ يَقْتَتِلَانِ هَٰذَا مِن شِيعَتِهِ وَهَٰذَا مِنْ عَدُوِّهِ ۖ فَاسْتَغَاثَهُ الَّذِي مِن شِيعَتِهِ عَلَى الَّذِي مِنْ عَدُوِّهِ فَوَكَزَهُ مُوسَىٰ فَقَضَىٰ عَلَيْهِ ۖ قَالَ هَٰذَا مِنْ عَمَلِ الشَّيْطَانِ ۖ إِنَّهُ عَدُوٌّ مُّضِلٌّ مُّبِينٌ ۝

Wa dakhalal madiinata 'alaa hiini ghaflatim min ahlihaa fawajada fiihaa rajulaini yaqtatilaani haadzaa min syii'atihii wa haadzaa min 'aduwwih, fastaghaatsahul ladzii min syii'atihii 'alal ladzii min 'aduwwihii fawakazahuu muusaa faqadhaa 'alaih, qaala haadzaa min 'amalisy syaithaan, innahuu 'aduwwum mudhillum mubiin.

16. Musa do'a: "Dhuh Pangeran kawula, saestunipun kawula sampun nganiaya badan kawula piyambak, jalaran saking punika mugi Padula paring pangaksama ing kawula". Allah nuli paring pangapura marang Musa, sanyata PanjenengaNe iku Maha Ngapura tur Maha Asih.

١٦. قَالَ رَبِّ إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي فَاغْفِرْ لِي فَغَفَرَ لَهُ ۖ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ۝

Qaala rabbi innii zhalamtu nafsii faghfirlii faghafara lah, innahuu huwal ghafuurur rahiim.

17. Musa munjuk maneh: "Dhuh Pangeran kawula, jalaran Paduka sampun paring ni'mat dhumateng kawula, boten pantes malih kawula dados panulungipun titiyang ingkang sami dosa".

١٧. قَالَ رَبِّ بِمَا أَنْعَمْتَ عَلَيَّ فَلَنْ أَكُونَ ظَهِيرًا لِّلْمُجْرِمِينَ ۝

Qaala rabbi bimaa an'amta 'alayya falan akuuna zhahiiral lilmujrimiin.

18. Ana ing Nagara kono Musa tansah sumelang atine, karo ngantu-antu pitulunging Pangerane, dumadakan wong kang nyuwun tulung wingi, nyuwun tulung maneh supaya nglawan mungsuhe saka bangsa Qibti uga. Musa mangsuli: "Sanyata sira iku nyata wong kang kasasar".

١٨. فَأَصْبَحَ فِي الْمَدِينَةِ خَائِفًا يَتَرَقَّبُ فَإِذَا الَّذِي اسْتَنصَرَهُ بِالْأَمْسِ يَسْتَصْرِخُهُ ۖ قَالَ لَهُ مُوسَىٰ إِنَّكَ لَغَوِيٌّ مُّبِينٌ ۝

Fa-ashbaha fil madiinati khaa-ifay yataraqqabu fa-idzal ladzis tansharahuu bil amsi yastashrihuhuu qaala lahuu muusaa innaka laghawiyyum mubiin.

738). Nabi Musa a.s. salugu badhe tetulung dhateng bangsanipun! nanging ndilalah sareng mbithi mengsahipun, dados lan sababipun tiyang sanes Bani Israil wau dumugining pejah. Nabi Musa kuwatos lajeng getun. Dados cetha ancas tujuanipun ambelani tiyang alit ingkang sengsara dipun jajah Kerajan Fir'aun.

19. Bareng Musa duwe karep sumeja nglawan kang dadi mungsuhe, mungsuh matur: "He Musa! punapa panjenengan badhe mejahi kula, kados anggen panjenengan sampun mejahi kala wingi punika? Yen makaten karsa panjenengan boten sanes, kajawi namung badhe dados tiyang ingkang ngedakdakaken wonten ing Bumi, saha panjenengan boten kersa dados golonganipun titiyang ingkang damel sae".

١٩- فَلَمَّآ أَنْ أَرَادَ أَنْ يَّبْطِشَ بِالَّذِيْ هُوَ عَدُوٌّ لَّهُمَا
قَالَ يٰمُوْسٰٓى أَتُرِيْدُ أَنْ تَقْتُلَنِيْ كَمَا قَتَلْتَ نَفْسًا
بِالْأَمْسِ ۖ إِنْ تُرِيْدُ إِلَّآ أَنْ تَكُوْنَ جَبَّارًا فِي الْأَرْضِ
وَمَا تُرِيْدُ أَنْ تَكُوْنَ مِنَ الْمُصْلِحِيْنَ ٥

Falammaa an araada ay yabthisya billadzii huwa 'aduwwul lahumaa qaala yaa muusaa aturiidu an taqtulanii kamaa qatalta nafsam bil amsi in turiidu illaa an takuuna jabbaaran fil ardhi wamaa turiidu an takuuna minal mushlihiin.

Musa a.s. oleh iguh-pratikel supaya lunga saka Mesir!

20. Ana sawijining wong teka saka poncot Negara kalawan gupuh-gupuh, ngucap marang Musa: "He Musa! Saestunipun para pengageng kaumipun Fir'aun saweg rerembagan badhe mejahi panjenengan. Jalaran saking punika panjenengan enggal-enggala medal saking kitha ngriki. Saestunipun kula punika golonganipun titiyang ingkang namung sadermi suka pepenget dhateng panjenengan".

٢٠- وَجَآءَ رَجُلٌ مِّنْ أَقْصَا الْمَدِيْنَةِ يَسْعٰى قَالَ يٰمُوْسٰٓى
إِنَّ الْمَلَأَ يَأْتَمِرُوْنَ بِكَ لِيَقْتُلُوْكَ فَاخْرُجْ إِنِّيْ لَكَ
مِنَ النّٰصِحِيْنَ ٥

Wajaa-a rajulum min aqshal madiinati yas'aa qaala yaa muusaa innal mala-a ya'tamiruuna bika liyaqtuluuka fakhruj ruj innii laka minan naashihiin.

21. Musa banjur lunga saka Nagara kono, kuwatir sarta ngantu-antu pitulunging Pangerane, unjuke mangkene: "Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka milujengna kawula saking kaum ingkang nganiaya".

٢١- فَخَرَجَ مِنْهَا خَآئِفًا يَّتَرَقَّبُ ۖ قَالَ رَبِّ نَجِّنِيْ مِنَ
الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ٥

Fakharaja minhaa khaa-ifay yataraqqabu qaala rabbi najjinii minal qaumizh zhaalimiin.

22. Bareng Musa nuju marang enere Nagara Madyan, kawetu ucape: "Muga-muga Pangeranku nuduhake aku marang dalan kang bener".

٢٢- وَلَمَّا تَوَجَّهَ تِلْقَآءَ مَدْيَنَ قَالَ عَسٰى رَبِّيْٓ أَنْ
يَّهْدِيَنِيْ سَوَآءَ السَّبِيْلِ ٥

Walammaa tawajjaha biliqaa-a madyana qaala 'asaa rabbii ay-yahdiyanii sawaa-as sabiil.

23. Bareng Musa wus tekan ing sawijining panggonan tuk banyune sumur Nagara Madyan, ana ing kono katemu karo kumpulaning wong desa padha golek banyu, lan katemu uga karo bocah wadon loro kang ke-

٢٣- وَلَمَّا وَرَدَ مَآءَ مَدْيَنَ وَجَدَ عَلَيْهِ أُمَّةً مِّنَ
النَّاسِ يَسْقُوْنَ ۖ وَوَجَدَ مِنْ دُوْنِهِمُ امْرَأَتَيْنِ

pepetan ora bisa bebarengan golek banyu. Musa pitakon: "Kena apa sira sakaloron?" Wangsulane: "Kula boten saged mendhet toya kajawi yen para pangen punika sampun kesah sadaya, tuwin Bapa kita punika priyantun ingkang sampun sepuh".

تَذُوْدٰنِ ۚ قَالَ مَا خَطْبُكُمَا ۗ قَالَتَا لَا نَسْقِيْ حَتّٰى
يُصْدِرَ الرِّعَآءُ ۗ وَاَبُوْنَا شَيْخٌ كَبِيْرٌ ۝

Walammaa warada maa-a madyana wajada 'alaihi ummatam minan naasi yasquuna wawajada min duunihimum ra-ataini tadzuudaan, qaala maa khathbukumaa, qaalataa laa tasqii hattaa yushdiraar ri'aa-u wa abuunaa syaikhun kabiir.

24. Musa nuli ngangsokake bocah wadon loro mau, banjur leren ngeyub ing sangisore wit-witan, nyenyuwun marang Allah Pangerane: "Dhuh Pangeran kawula! saestunipun kawula betah dhateng kawelasan Paduka, mugi karentahaken dhumateng kula!"

٢٤- فَسَقٰى لَهُمَا ثُمَّ تَوَلّٰٓى اِلَى الظِّلِّ فَقَالَ رَبِّ اِنِّيْ لِمَآ
اَنْزَلْتَ اِلَيَّ مِنْ خَيْرٍ فَقِيْرٌ ۝

Fasaqaa lahumaa tsumma tawallaa ilazh zhilli faqaala rabbi innii limaa anzalta ilayya min khairin faqiir.

25. Salah sawijining bocah wadon mau teka maneh marang Musa, lakune ketara yen semu isin, nuli matur: "Pun Bapa ngaturi panjenengan, perlunipun badhe males budi panjenengan, dene sampun karsa ngangsokaken dhateng kita". Bareng Musa wus tekan daleme Syu'aib Ramane bocah wadon mau, lan nyaritakake lelakone, Ramane ngendika: "Sira aja wedi, sira bakal slamet saka pakartine wong kang nganiaya".

٢٥- فَجَآءَتْهُ اِحْدٰىهُمَا تَمْشِيْ عَلَى اسْتِحْيَآءٍ ۖ قَالَتْ اِنَّ
اَبِيْ يَدْعُوْكَ لِيَجْزِيَكَ اَجْرَ مَا سَقَيْتَ لَنَا ۗ فَلَمَّا
جَآءَهٗ وَقَصَّ عَلَيْهِ الْقَصَصَ ۙ قَالَ لَا تَخَفْ ۖ نَجَوْتَ
مِنَ الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Fajaa-at-hu ihdaahumaa tamsyii 'alas tikhyaa-i qaalat inna abii yad'uuka liyajziyaka ajra maa saqaita lanaa, falammaa jaa-ahuu wa qashsha 'alaihil qashasha qaala laa takhaf, najauta minal qaumizh zhaalimiin.

26. Salah sawijining bocah wadon loro mau matur marang Ramane: "Dhuh Rama! mugi tiyang anem punika panjenengan berrahi dados pangen menda kita, jalaran saesaening tiyang ingkang dipun berahi punika, tiyang ingkang kiyat tur kenging pinitados".

٢٦- قَالَتْ اِحْدٰىهُمَا يٰٓاَبَتِ اسْتَاْجِرْهُ ۖ اِنَّ خَيْرَ مَنِ
اسْتَاْجَرْتَ الْقَوِيُّ الْاَمِيْنُ ۝

Qaalat ihdaahumaa yaa-abatis ta'jirhu inna khaira manista'jartal qawiyyul amiin.

27. Ramane bocah wadon loro mau, asmane Syu'aib angucap marang Musa: "Aku duwe seja arep andhaupake sira Musa, karo salah sijine anakku wadon loro iki, nganggo syarat parjanjiyan sira kudu nyambut gawe melu aku wolung tahun. Manawa sira gelem nyampurnakake hiya sepuluh tahun, iku kautamanira. Aku ora duwe seja arep gawe re-

٢٧- قَالَ اِنِّيْٓ اُرِيْدُ اَنْ اُنْكِحَكَ اِحْدَى ابْنَتَيَّ هٰتَيْنِ
عَلٰٓى اَنْ تَاْجُرَنِيْ ثَمٰنِيَ حِجَجٍ ۚ فَاِنْ اَتْمَمْتَ عَشْرًا
فَمِنْ عِنْدِكَ ۚ وَمَآ اُرِيْدُ اَنْ اَشُقَّ عَلَيْكَ ۚ سَتَجِدُنِيْٓ
اِنْ شَآءَ اللّٰهُ مِنَ الصّٰلِحِيْنَ ۝

kasanira, insya Allah sira bakal sumurup yen aku iki golongane wong-wong kang shaleh salugu gawe becik".

Qaala innii uriidu an unkihaka ihdab natayya haataini 'alaa an ta'juranii tsamaaniya hijaj, fa-in atmamta 'asyran famin 'indik, wamaa uriidu an usyuqqa 'alaika, satajidunii insyaa-Allaahu minash shaalihiin.

28. Wangsulane Musa: "Syarat ingkang kados makaten wau, tetep dados parjanjiyan antawisipun kula lan panjenengan.739) Pundi kemawon wekdal kalih wau ingkang kula lampahi, kula boten rumahos kaaniaya. Lan Allah ingkang nyekseni punapa ingkang sampun kita ucapaken wau".

٢٨- قَالَ ذٰلِكَ بَيْنِيْ وَبَيْنَكَ ۖ اَيَّمَا الْاَجَلَيْنِ قَضَيْتُ فَلَا
عُدْوَانَ عَلَيَّ ۖ وَاللّٰهُ عَلٰى مَا نَقُوْلُ وَكِيْلٌ ۝

Qaala dzaalika bainii wa bainaka ayyamal ajalaini qadhaitu walaa 'udwaana 'alayya wallaahu 'alaa maa naquulu wakiil.

Musa a.s. kundur menyang Mesir lan nampa Wahyu kanggo da'wah marang Fir'aun.

29. Bareng Musa wus nyampurnakake mangsa mau, dheweke budhal mulih kalawan ahline (garwane), bali menyang Mesir, Musa sumurup geni ana ing sacedhake Gunung Sinai. Musa nuli ngucap marang garwane: "Sira ngentenana ana kene dhisik, aku sumurup ana geni, muga-muga ing mengko aku bisa anggawa pawarta marang sira, utawa njupuk geni kanggo obor, tur mengko kena kok kanggo api-api".

٢٩- فَلَمَّا قَضٰى مُوْسَى الْاَجَلَ وَسَارَ بِاَهْلِهٖٓ اٰنَسَ مِنْ
جَانِبِ الطُّوْرِ نَارًا ۚ قَالَ لِاَهْلِهِ امْكُثُوْٓا اِنِّيْٓ اٰنَسْتُ
نَارًا لَّعَلِّيْٓ اٰتِيْكُمْ مِّنْهَا بِخَبَرٍ اَوْ جَذْوَةٍ مِّنَ النَّارِ
لَعَلَّكُمْ تَصْطَلُوْنَ ۝

Falammaa qadhaa muusal ajala wa saara bi-ahlihii aanasa min jaanibith thuuri naaraa, qaala li-ahlihim kutsuu innii aanastu naaral la'allii aatiikum minhaa bikhabarin au jadzwatim minan naari la'allakum tash-thaaluun.

30. Bareng Musa wus teka ing panggonan geni, ing kono krungu ana suwara timbalan saka pinggiring jurang ing sisih tengene, ana ing panggonan kang diberkahi rupa witwitan anggur: "He Musa! Sanyata Ingsun iki Allah, Pangeraning 'alam jagad kabeh".

٣٠- فَلَمَّآ اَتٰىهَا نُوْدِيَ مِنْ شَاطِئِ الْوَادِ الْاَيْمَنِ فِي الْبُقْعَةِ
الْمُبٰرَكَةِ مِنَ الشَّجَرَةِ اَنْ يّٰمُوْسٰٓى اِنِّيْٓ اَنَا اللّٰهُ رَبُّ
الْعٰلَمِيْنَ ۝

Falammaa ataahaa nuudiya min syaathiil waadil aimani fil buq'atil mubaarakati minasy syajarati ay yaa muusaa innii anallaahu rabbil 'aalamiin.

739). Artosipun Nabi Musa a.s. setuju lan sagah nglampahi parjanjian wau kanthi sampurna, inggih punika minangka mas kawinipun, ingkang cocok kalayan situasi lan kondisi wekdal semanten. Dados ijab-kabul ingkang makaten wau nuwuhaken hikmah bebrayan ing bale-griya ingkang badhe angrembaka dados hukum sosial-ekonomi. Punika prototype angger-angger gono-gini ing syari'at Islam, ingkang dhasar falsafah "sing lanang mikul, dene sing wadon nggendhong". Saestu sadaya pranatan Agami punika tamtu damel kekah utawi stabilitas sosial, lan damel dinamikanipun ekonomi. Nabi Musa a.s. dados putra-mantu Nabi Syu'aib a.s. punika dados conto tuladha ugi semangat ketrampilan wiraswasta! Makaten ayat 23 - 28 surat punika.

31. Lan uncalna tekenira!" Bareng Musa sumurup tekene mau obah dadi ula, dheweke banjur mungkur karo nggendring mlayu ora bali. Allah ngandika: "He Musa! balia madhepa mrene maneh, lan aja wedi jalaran sanyata sira iku golongane wong-wong kang sinantosakake.

٣١- وَأَنْ أَلْقِ عَصَاكَ ۖ فَلَمَّا رَآهَا تَهْتَزُّ كَأَنَّهَا جَانٌّ وَلَّىٰ مُدْبِرًا وَلَمْ يُعَقِّبْ ۚ يَا مُوسَىٰ أَقْبِلْ وَلَا تَخَفْ ۖ إِنَّكَ مِنَ الْآمِنِينَ ۝

Wa-an alqii 'ashaaka falammaa ra-aahaa tahtazzu ka-annahaa jaannuw wallaa mudbiraw walam yu'aqqib, yaa muusaa aqbil walaa takhaf, innaka minal aaminiin.

32. Sira nglebokna tanganira ana ing kanthongane klambinira, ing mengko sawuse sira wetokake dadi mancorong putih rupane ora ana cacade, manawa sira duwe rasa wedi, sidhakepna tanganira ana ing dhadhanira. 740) Hiya teken lan tangan mancorong iku dadi mu'jizat tandha yekti saka ngarsaning Pangeranira, sira tuduhna marang Fir'aun, lan para panggedhe, sanyata wong-wong iku kaum kang padha duraka.

٣٢- اسْلُكْ يَدَكَ فِي جَيْبِكَ تَخْرُجْ بَيْضَاءَ مِنْ غَيْرِ سُوءٍ ۖ وَاضْمُمْ إِلَيْكَ جَنَاحَكَ مِنَ الرَّهْبِ ۖ فَذَانِكَ بُرْهَانَانِ مِنْ رَبِّكَ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَئِهِ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا قَوْمًا فَاسِقِينَ ۝

Usluk yadaka fii jaibika takhruj baidhaa-a min ghairi suu-iw wadhmum ilaika janaahaka minar rahbi fadzaanika burhaanaani mir rabbika ilaa fir'auna wa mala-ih, innahum kaanuu qauman faasiqiin.

Musa a.s. nyuwun supaya sadulure Harun a.s. dadi pembantu utama, Gusti Allah marengake.

33. Musa munjuk: "Dhuh Pangeran kawula, saestunipun kawula sampun mejahi tiyang saking golonganipun Fir'aun, kawula ajrih mbok bilih titiyang wau males ngukum pejah dhateng kawula.

٣٣- قَالَ رَبِّ إِنِّي قَتَلْتُ مِنْهُمْ نَفْسًا فَأَخَافُ أَنْ يَقْتُلُونِ ۝

Qaala rabbi innii qataltu minhum nafsan fa-akhaafu ay yaqtuluun.

34. Sedherek kawula pun Harun, piyambakipun langkung micara lisanipun tinimbang kawula, jalaran saking punika mugi Paduka ngutus piyambakipun angantheni kawula, minangka nemenaken dhateng kawula. Saestunipun kuwatos kawula titiyang wau sami maiben dhateng kawula".

٣٤- وَأَخِي هَارُونُ هُوَ أَفْصَحُ مِنِّي لِسَانًا فَأَرْسِلْهُ مَعِيَ رِدْءًا يُصَدِّقُنِي ۖ إِنِّي أَخَافُ أَنْ يُكَذِّبُونِ ۝

Wa akhii haaruunu huwa afshahu minnii lisaanan fa-arsilhu ma'iya rid-ay yushaddiqunii innii akhaafu ay yukadzdzibuun.

740). Nabi Musa a.s. rumaos ajrih manahipun Allah SWT dhawuh supados astanipun kekalih di dipun sedhakepaken ing dhadha, pramila lajeng jenjem lan tatag-teteg manahipun.

35. Allah ngandika: "Ingsun bakal nguwatake sira kalawan sadulurira, lan Ingsun bakal andamel panguwasa gedhe kanggo sira sakaloron, kang wong-wong iku ora kacunggah nandukake paeka apa-apa ing sira, kalawan tandha yektiNingsun, sira sakaloron dalah kang padha ndherek sira bakal oleh kamenengan!"

٣٥- قَالَ سَنَشُدُّ عَضُدَكَ بِأَخِيكَ وَنَجْعَلُ لَكُمَا سُلْطَانًا فَلَا يَصِلُونَ إِلَيْكُمَا ۚ بِآيَاتِنَا ۚ أَنْتُمَا وَمَنِ اتَّبَعَكُمَا الْغَالِبُونَ ۝

Qaala sanasyuddu 'adhudaka bi-akhiika wa naj'alu lakumaa sulthaanan falaa yashiluuna ilaikumaa, bi-aayaatinaa wa manittaba'akumal ghaalibuun.

36. Mangka bareng Musa tumeka marang wong-wong, kalawan ngampil mu'jizat-mu'jizatIngsun kang pratela, wong-wong mau padha ngucap: "Ora liya iki kajaba gegorohan kawruh sihir, lan kita durung tau krungu pangajak mangkene iki ana ing piwulange para leluhur kita para wong kuna".

٣٦- فَلَمَّا جَاءَهُمْ مُوسَىٰ بِآيَاتِنَا بَيِّنَاتٍ قَالُوا مَا هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ مُفْتَرًى وَمَا سَمِعْنَا بِهَٰذَا فِي آبَائِنَا الْأَوَّلِينَ ۝

Falammaa jaa-ahum muusaa bi-aayaatinaa bayyinaatin qaaluu maa haadzaa illaa sihrum muftaraw wamaa sami'naa bihaadzaa fii aabaa-inal awwaliin.

37. Musa ngandika: "Pangeranku luwih Uninga marang wong kang ngampil pituduh saka ngarsaNe, lan PanjenengaNe luwih Nguningani wong kang bakal oleh wekasan becik ana ing Akherat. Sanyata ora bakal begja wong-wong kang Nganiaya iku".

٣٧- وَقَالَ مُوسَىٰ رَبِّي أَعْلَمُ بِمَنْ جَاءَ بِالْهُدَىٰ مِنْ عِنْدِهِ وَمَنْ تَكُونُ لَهُ عَاقِبَةُ الدَّارِ ۖ إِنَّهُ لَا يُفْلِحُ الظَّالِمُونَ ۝

Wa qaala muusaa rabbii a'lamu biman jaa-a bilhudaa min 'indihii waman takuunu lahuu 'aaqibatud-daar, innahuu laa yuflihuzh zhaalimuun.

Judhas lan gumedhene Fir'aun.

38. Fir'aun ngucap: "He para panggedhe, aku ora sumurup sira duwe Pangeran mau, saliyane aku. He Hamam, mara sira ngobonga bata, banjur aku yasakna gedhong bangunan kang dhuwur, mbok manawa aku bisa munggah ndeleng Pangerane Musa, pangiraku dheweke iku golongane wong-wong kang goroh".

٣٨- وَقَالَ فِرْعَوْنُ يَا أَيُّهَا الْمَلَأُ مَا عَلِمْتُ لَكُمْ مِنْ إِلَٰهٍ غَيْرِي ۖ فَأَوْقِدْ لِي يَا هَامَانُ عَلَى الطِّينِ فَاجْعَلْ لِي صَرْحًا لَعَلِّي أَطَّلِعُ إِلَىٰ إِلَٰهِ مُوسَىٰ وَإِنِّي لَأَظُنُّهُ مِنَ الْكَاذِبِينَ ۝

Wa qaala fir'aunu yaa ayyuhal mala-u maa 'alimtu lakum min ilaahin ghairii, fa-auqid lii yaa haamaanu 'alath thiini faj'al lii sharhal la'allii aththali'u ilaa ilaahi muusaa wa innii la-azhunnuhuu minal kaadzibiin.

39. Fir'aun lan wadyabalane padha gumedhe ana ing Bumi kalawan ora bener, lan padha duwe pangira yen wong-wong iku ora bakal disowanake marang ngarsanIngsun.

٣٩- وَاسْتَكْبَرَ هُوَ وَجُنُودُهُ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَظَنُّوا أَنَّهُمْ إِلَيْنَا لَا يُرْجَعُونَ ۝

Wastakbara huwa wa junuuduhuu fil ardhi bighairil haqqi wa zhannuu annahum ilainaa laa yurja'uun.

40. Satemah Ingsun ngrusak dheweke lan wadyabalane yaiku Ingsun kelem ana ing Sagara. Muhammad, sira andelenga kapriye wekasane wong-wong kang padha nganiaya.

٤٠- فَأَخَذْنَاهُ وَجُنُودَهُ فَنَبَذْنَاهُمْ فِي الْيَمِّ ۖ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الظَّالِمِينَ ۝

Fa-akhadznaahu wa junuudahuu fanabadznaahum fil yammi fanzhur kaifa kaana 'aaqibatuzh zhaalimiin.

41. Lan Ingsun wus ndadekake wong-wong mau dadi panuntun kang ngajak-ajak marang Neraka, ing besuk dina Qiyamat wong-wong mau ora padha tinulungan.

٤١- وَجَعَلْنَاهُمْ أَئِمَّةً يَدْعُونَ إِلَى النَّارِ ۖ وَيَوْمَ الْقِيَامَةِ لَا يُنْصَرُونَ ۝

Wa ja'alnaahum a-immatay yad'uuna ilan-naar, wa yaumal qiyaamati laa yunsharuun.

42. Lan Ingsun ngiringake la'nat marang wong-wong mau ana ing Donya iki, lan besuk ana dina Qiyamat wong-wong mau dadi golongane wong kang didohake saka Rahmating Allah.

٤٢- وَأَتْبَعْنَاهُمْ فِي هَٰذِهِ الدُّنْيَا لَعْنَةً ۖ وَيَوْمَ الْقِيَامَةِ هُمْ مِنَ الْمَقْبُوحِينَ ۝

Wa atba'naahum fii haadzihid dunyaa la'nataw wa yaumal qiyaamati hum minal maqbuuhiin.

Kitab Taurat kawahyokake kanggo pimpinan tumrap Bani Israil.

43. Lan sanyata Ingsun wus paring Kitab Taurat marang Musa sawuse Ingsun nyirnakake para generasi kang kuna-kuna, Kitab mau dadi pepadhang tumrap para manungsa, dadi pituduh lan dadi rahmat, muga-muga wong-wong mau padha oleh pitutur!

٤٣- وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتَابَ مِنْ بَعْدِ مَا أَهْلَكْنَا الْقُرُونَ الْأُولَىٰ بَصَائِرَ لِلنَّاسِ وَهُدًى وَرَحْمَةً لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ۝

Walaqad aatainaa muusal kitaaba mim ba'di maa ahlaknal quruunil uulaa bashaa-ira linnaasi wa hudaw wa rahmatal la'allahum yatadzakkaruuun.

44. Lan sira Muhammad ora melu Musa nenepi ana ing panggonan sisih kulone nalika Ingsun maringake prentah marang Musa,741) dadi sira uga dudu golongane wong-wong kang padha nyekseni.

٤٤- وَمَا كُنْتَ بِجَانِبِ الْغَرْبِيِّ إِذْ قَضَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَى الْأَمْرَ وَمَا كُنْتَ مِنَ الشَّٰهِدِينَ ۝

Wamaa kunta bijaanibil gharbiyyi idz qadhainaa ilaa muusal amra wamaa kunta minasy syaahidiin.

45. Ananging Ingsun wus anitahake pirang-pirang turunan, lan tumrap dheweke mangsane wus kaliwat suwe. Lan sira Muhammad ora bebarengan manggon ana ing Madyan, macakake Ayat-AyatIngsun marang wong-wong mau, ananging Ingsun wus angutus para Rasul marang wong-wong mau.

٤٥- وَلَٰكِنَّآ أَنشَأْنَا قُرُونًا فَتَطَاوَلَ عَلَيْهِمُ الْعُمُرُ ۚ وَمَا كُنْتَ ثَاوِيًا فِىٓ أَهْلِ مَدْيَنَ تَتْلُوا عَلَيْهِمْ ءَايَٰتِنَا وَلَٰكِنَّا كُنَّا مُرْسِلِينَ ۝

Walaakinnaa ansya'naa quruunan fata-thaawala 'alaihimul 'umur, wamaa kunta tsaawiyan fii ahli mad-yana tatluu 'alai-him aayaatinaa walaakinnaa kunnaa mursiliin.

46. Lan maneh sira ora ana ing sacedhake Gunung Sinai, nalika Ingsun nimbali Musa, nanging marga rahmat saka Pangeranira, Ingsun paring weruh marang sira supaya sira bisa aweh peling marang kaum Qurasy kang durung tau katekan juru pepeling sadurung-ira, supaya banjur padha eling.

٤٦- وَمَا كُنْتَ بِجَانِبِ الطُّورِ إِذْ نَادَيْنَا وَلَٰكِن رَّحْمَةً مِّن رَّبِّكَ لِتُنذِرَ قَوْمًا مَّآ أَتَىٰهُم مِّن نَّذِيرٍ مِّن قَبْلِكَ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ۝

Wamaa kunta bijaanibith thuuri idz naadainaa walaakir rahmatam mir rabbi-ka litundzira qaumam maa aataahum min nadziirim min qablika la'allahum yatadzakkaruun.

47. Lan supaya dheweke ora padha matur nalika siksa kapatrapake ing dheweke jalaran dosa kang wus ditindakake, ature: "Dhuh Pangeran kita, kadospundi kok Paduka boten ngutus Utusan dhateng kita, yektos kita sami andherek Ayat-Ayat dhawuh Paduka lajeng kita dados golonganipun titiyang jngkang iman".

٤٧- وَلَوْلَآ أَن تُصِيبَهُم مُّصِيبَةٌۢ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ فَيَقُولُوا رَبَّنَا لَوْلَآ أَرْسَلْتَ إِلَيْنَا رَسُولًا فَنَتَّبِعَ ءَايَٰتِكَ وَنَكُونَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Walau laa an tushiibahum mushiibatum bimaa qaddamat aidiihim fayaquuluu rabbanaa laulaa arsalta ilainaa rasuulan fanattabi'a aayaatika wa nakuuna minal mu'miniin.

741). Inggih punapa panggenan lembah (jurang lelowahaning Gunung) Suci Thuwa, mirsanana surat Thaha ayat: 12.

Sanajan biyen nyuwun, wong-wong kafir puguh ingkar ing bukti kang nyata.

48. Bareng wong-wong kafir wus padha katekanan kabeneran terang saka ngarsa-Ningsun, banjur padha ngucap: "Geneya Muhammad ora diparingi mu'jizat kaya kang diparingake marang Musa biyen?" Pangandikane Allah: "Apa biyen wong-wong mau ora padha maido marang Musa? Biyen dheweke padha ngucap: "Musa lan Harun iku sakaloron ahli sihir kang bantu-binantu, pangucape maneh: "Satemene kita ora percaya marang sakarone kabeh".

٤٨- فَلَمَّا جَآءَهُمُ الْحَقُّ مِنْ عِنْدِنَا قَالُوا لَوْلَآ أُوتِيَ
مِثْلَ مَآ أُوتِيَ مُوسَىٰ أَوَلَمْ يَكْفُرُوا بِمَآ أُوتِيَ مُوسَىٰ
مِن قَبْلُ ۖ قَالُوا سِحْرَانِ تَظَٰهَرَا ۖ وَقَالُوٓا إِنَّا بِكُلٍّ
كَٰفِرُونَ ٥

Falammaa jaa-ahumul haqqu min 'indinaa qaaluu laulaa uutiya mitsla maa uutiya muusaa, awalam yakfuruu bimaa uutiya muusaa min qablu, qaaluu sihraani tazhaahara, wa qaaluu innaa bikullin kaafiruun.

49. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha nekakna Kitab saka ngarsane Allah kang pituduhe luwih bener tinimbang Kitab loro iku, Taurat lan Quraan, mesthi aku bakal manut Kitab mau, yen nyata sira padha temen".

٤٩- قُلْ فَأْتُوا بِكِتَٰبٍ مِّنْ عِنْدِ اللَّهِ هُوَ أَهْدَىٰ مِنْهُمَآ
أَتَّبِعْهُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ٥

Qul fa'tuu bikitaabim min 'indillaahi huwa ahdaa minhumaa attabi'hu in kuntum shaadiqiin.

50. Manawa dheweke ora padha bisa ngleksanani marang sira, mangertiya yen wong-wong mau mung padha manut hawa nafsune, lan sapa wong kang luwih sasar tinimbang karo wong kang manut hawa nafsune, tanpa oleh pituduh saka ngarsane Allah. Sanyata Allah iku ora karsa nuduhake marang wong-wong kang nganiaya.

٥٠- فَإِن لَّمْ يَسْتَجِيبُوا لَكَ فَاعْلَمْ أَنَّمَا يَتَّبِعُونَ أَهْوَآءَهُمْ ۚ
وَمَنْ أَضَلُّ مِمَّنِ اتَّبَعَ هَوَىٰهُ بِغَيْرِ هُدًى مِّنَ اللَّهِ ۚ
إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّٰلِمِينَ ٥

Fa-illam yastajiibuu laka fa'lam annamaa yattabi'uuna ahwaa-ahum waman adhallu mimmanit taba'a hawaahu bighairi hudam minallaah, innallaaha laa yahdil qaumazh zhaalimiin.

51. Lan yekti Ingsun wus nurunake Al Quraan kanggo wong-wong mau kabeh kalawan reruntungan,742) supaya dheweke padha oleh pepeling (piwulang).

٥١- وَلَقَدْ وَصَّلْنَا لَهُمُ الْقَوْلَ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ٥

Walaqad washshalnaa lahumul qaula la'allahum yatadzakkaruun.

742). Sistim tumurunipun wahyu kala samanten sakedhik mbaka sakedhik, ngengeti situasi lan kondisi masyarakat. Ing maksud supados gampil panampi lan anggenipun ngapalaken, langkung-langkung supados malembaganipun pranatan-pranatan Agami wau saged temata kiyat. Boten benten politik strategi ambangun Negara lan Bangsa, sarana Pelita I, II, III, IV, V, salajengipun reruntungan sambet sinambet, satunggal lan sanesipun wonten koordinasi, sinkronisasi, harmonisasi lan integrasi. Inggih makaten punika saweneh Hikmah Quraaniyah (Filsafat Quraan) ingkang prayogi katindakaken ing ngakathah.

52. Sagolongan kang wus Ingsun paringi cecekelan Kitab Taurat, dheweke wus padha percaya marang Al Quraan sadurunge rawuhe Muhammad.

٥٢- اَلَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِهٖ هُمْ بِهٖ يُؤْمِنُوْنَ ۝

Alladziina aatainaahumul kitaaba min qablihii hum bihii yu'minuun.

53. Lan manawa Quraan mau diwacakake marang dheweke, padha ngucap: "Kita percaya marang Quraan, satemene Quraan iku terang saka ngarsane Pangeran kita, sanyata wiwit sadurunge, kita uga wus padha Islam".

٥٣- وَاِذَا يُتْلٰى عَلَيْهِمْ قَالُوْٓا اٰمَنَّا بِهٖٓ اِنَّهُ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّنَآ اِنَّا كُنَّا مِنْ قَبْلِهٖ مُسْلِمِيْنَ ۝

Wa-idzaa yutlaa 'alaihim qaaluu aamannaa bihii innahul haqqu mir rabbinaa innaa kunnaa min qablihii muslimiin.

54. Wong-wong kang mangkono iku bakal padha kaparingan ganjaran rong rambahan, jalaran anggone wus padha sabar, lan jalaran anggone wus padha gelem nyegah panggawe ala kalawan kabecikan, sarta jalaran padha gelem nanjakake rezeki peparingIngsun.

٥٤- اُولٰٓئِكَ يُؤْتَوْنَ اَجْرَهُمْ مَّرَّتَيْنِ بِمَا صَبَرُوْا وَيَدْرَءُوْنَ بِالْحَسَنَةِ السَّيِّئَةَ وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ۝

Ulaa-ika yu'tauna ajrahum marrataini bimaa shabaruu wa yadra-uuna bil hasanatis sayyi-ata wa mimmaa razaqnaahum yunfiquun.

55. Lan manawa wong-wong mau krungu gunem kang ngayawara padha mengo sarta padha ngucap: "Amal kita kanggo kita dhewe, lan amalira hiya kanggo sira dhewe, muga-muga sira padha slamet, ora pisan-pisan kita sudi srawung karo wong-wong jahil (bodho)".

٥٥- وَاِذَا سَمِعُوا اللَّغْوَ اَعْرَضُوْا عَنْهُ وَقَالُوْا لَنَآ اَعْمَالُنَا وَلَكُمْ اَعْمَالُكُمْ سَلٰمٌ عَلَيْكُمْ لَا نَبْتَغِي الْجٰهِلِيْنَ ۝

Wa idzaa sami'ul laghwa a'radhuu 'anhu wa qaaluu lanaa a'maalunaa wa lakum a'maalukum salaamun 'alaikum laa nabtaghil jaahiliin.

Hamung Allah piyambak kang Kuwasa paring taufik marang kawulane supaya iman!

56. Sanyata sira Muhammad ora bisa aweh tuntunan (taufik) marang wong kang senajan sira tresnani, nanging Allah piyambak kang kuwasa paring tuntunan (taufik) marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan PanjenengaNe kang luwih Ngawuningani marang wong-wong kang oleh tuntunan (pituduh).

٥٦- اِنَّكَ لَا تَهْدِيْ مَنْ اَحْبَبْتَ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ يَهْدِيْ مَنْ يَّشَآءُ ۚ وَهُوَ اَعْلَمُ بِالْمُهْتَدِيْنَ ۝

Innaka laa tahdii man ahbabta walaakinallaaha yahdii may-yasyaa-u, wahuwa a'lamu bil muhtadiin.

57. Lan wong-wong kang padha bodho ngucap: "Manawi kita miturut pitedah sasarengan kalayan panjenengan Muhammad, tamtu kita dipun tundhung saking Nagari kitha Mekkah". Pangandikane Allah: "Apa Ingsun durung manggonake wong-wong iku

٥٧- وَقَالُوْٓا اِنْ نَّتَّبِعِ الْهُدٰى مَعَكَ نُتَخَطَّفْ مِنْ اَرْضِنَا ۚ اَوَلَمْ نُمَكِّنْ لَّهُمْ حَرَمًا اٰمِنًا يُّجْبٰٓى اِلَيْهِ ثَمَرٰتُ كُلِّ شَيْءٍ رِّزْقًا مِّنْ لَّدُنَّا وَلٰكِنَّ اَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

ana ing Bumi kang dimulyakake tur sinantosakake? Sarupane woh-wohan wus ditekakake ing kono, minangka dadi rezeki paparingIngsun, ananging akeh-akehe wong-wong mau padha ora mangerti".

Wa qaaluu in nattabi'il hudaa ma'aka nutakhaththaf min ardhinaa, awalam numakkil lahum haraman aaminay yujbaa ilaihi tsamaraatu kulli syai-ir rizqam milladunnaa walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

58. Wus pira bae kehe anggoningSun nyirnakake Negara, jalaran uwonge wus padha keladuk duraka ana ing babagan panguripane, lah iku omah-omahe wus ora dienggoni maneh, sawuse wong-wong iku disirnakake, kajaba mung sathithik, lan Ingsun piyambak kang maris Negarane! 743)

٥٨- وَكَمْ اَهْلَكْنَا مِنْ قَرْيَةٍۢ بَطِرَتْ مَعِيْشَتَهَا ۚ فَتِلْكَ مَسٰكِنُهُمْ لَمْ تُسْكَنْ مِّنْۢ بَعْدِهِمْ اِلَّا قَلِيْلًا ۭ وَكُنَّا نَحْنُ الْوٰرِثِيْنَ ۝

Wa kam ahlaknaa min qaryatim bathirat ma'iisyatahaa, fatilka masaakinuhum lam tuskan mim ba'dihim illaa qaliilaa, wa kunnaa nahnul waaritsiin.

Gusti Allah babar pisan ora nyirnakake Negarane (ummat) kajaba wus karawuhan Rasul.

59. Lan ora babar pisan Pangeranira kok nyirnakake sawijining Negara; kajaba luwih dhisik PanjenengaNe angutus Utusan ana ing Kutha-kuthane, sarta macakake Ayat-ayat-Ingsun marang wong-wong mau. Lan ora babar pisan Ingsun nyirnakake Negara, kajaba ahline mesthi padha tumindak aniaya.

٥٩- وَمَا كَانَ رَبُّكَ مُهْلِكَ الْقُرٰى حَتّٰى يَبْعَثَ فِيْٓ اُمِّهَا رَسُوْلًا يَّتْلُوْا عَلَيْهِمْ اٰيٰتِنَا ۚ وَمَا كُنَّا مُهْلِكِي الْقُرٰٓى اِلَّا وَاَهْلُهَا ظٰلِمُوْنَ ۝

Wamaa kaana rabbuka muhlikal quraa hattaa yab'atsa fii ummihaa rasuulay yatluu 'alaihim aayaatinaa, wamaa kunnaa muhlikil quraa illaa wa ahluhaa zhaalimuun.

Kauripan Donya iku kasenengan sadhela manawa kabandhing kahuripan Akherat kang abadi.

60. Ana dene samubarang kang wus kaparingake marang sira para manungsa, iku dumunung dadi kasenengan Donya lan papaesane, (kang mung sadhela) dene ganjaran kang ana ngarsane Allah iku luwih becik lan luwih langgeng, apa sira kabeh ora padha mangerti?

٦٠- وَمَآ اُوْتِيْتُمْ مِّنْ شَيْءٍ فَمَتَاعُ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَزِيْنَتُهَا ۚ وَمَا عِنْدَ اللّٰهِ خَيْرٌ وَّاَبْقٰى ۭ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ۝

Wamaa uutiitum min syai-in famataa'ul hayaatid dun-yaa wa ziinatuhaa, wamaa 'indallaahi khairuw wa abqaa, afalaa ta'qiluun.

743). Sasampunipun Negari wau sirna dening siksa, lajeng suwung wangsul dados wana malih, boten wonten kemajengan lan kemakmuran, pramila wangsul hakekatipun kagunganipun (pewarisipun) Allah SWT piyambak.

61. Wong kang wus Ingsun janji kalawan janji kang becik, banjur nampa ganjaran kang dijanjekake, iku apa padha karo wong kang Ingsun paringi kasenengan bandha Donya, nuli besuk ana ing dina Qiyamat dadi golongane wong kang digelandhang menyang Neraka?

٦١- أَفَمَن وَعَدْنَٰهُ وَعْدًا حَسَنًا فَهُوَ لَٰقِيهِ كَمَن مَّتَّعْنَٰهُ مَتَٰعَ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ثُمَّ هُوَ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ مِنَ ٱلْمُحْضَرِينَ ۝

Afamaw wa'adnaahu wa'dan hasanan fahuwa laaqiihi kamam matta'naahu mataa'al hayaatid dun-yaa tsumma huwa yaumal qiyaamati minal muhdhariin.

Sangga runggi iku kapitunan tumrap wong musyrik, nanging kamenangan tumrap wong Mu'min.

62. Lan elinga, besuk ana dina PanjenengaNe Allah nimbali wong-wong musyrik, pangandikaNe: "Endi saiki, brahala kang padha sira awadake dadi sakuthuNingsun?"

٦٢- وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ فَيَقُولُ أَيْنَ شُرَكَآءِىَ ٱلَّذِينَ كُنتُمْ تَزْعُمُونَ ۝

Wa yauma yunaadiihim fayaquulu aina syurakaa-iyal ladziina kuntum taz'umuun.

63. Wong-wong musyrik kang wus pinasthi kapatrapan siksa padha matur: "Dhuh Pangeran kita, lah punika titiyang ingkang kula sasaraken, sampun sami kalampahan sasar kados kita punika. Sapunika wonten ing ngarsa Paduka, kita sampun uwal boten gagayutan kalayan piyambakipun malih, piyambakipun boten sami nyembah dhateng kita, nanging sami nembah dhateng hawa nafsunipun piyambak".

٦٣- قَالَ ٱلَّذِينَ حَقَّ عَلَيْهِمُ ٱلْقَوْلُ رَبَّنَا هَٰٓؤُلَآءِ ٱلَّذِينَ أَغْوَيْنَآ أَغْوَيْنَٰهُمْ كَمَا غَوَيْنَا ۖ تَبَرَّأْنَآ إِلَيْكَ ۖ مَا كَانُوٓا۟ إِيَّانَا يَعْبُدُونَ ۝

Qaalal ladziina haqqa 'alaihimul qaulu rabbanaa haa-ulaa-il ladziina aghwainaa, aghwainaahum kamaa ghawainaa, tabarra'naa ilaika maa kaanuu iyyaanaa ya'buduun.

64. Banjur ana dhawuh maneh: "Undangen sakuthunira supaya ngluputake siksa saka sira". Wong-wong mau nuli undang-undang, nanging ora bisa ngabulake, malah padha sumurup siksa. Saupama dheweke iku padha gelem nampa pituduh dhek ana ing Donya, mesthi ana ing Akherat iya ora sumurup siksa.

٦٤- وَقِيلَ ٱدْعُوا۟ شُرَكَآءَكُمْ فَدَعَوْهُمْ فَلَمْ يَسْتَجِيبُوا۟ لَهُمْ وَرَأَوُا۟ ٱلْعَذَابَ ۚ لَوْ أَنَّهُمْ كَانُوا۟ يَهْتَدُونَ ۝

Wa qiilad'uu syurakaa-akum fada'auhum falam yastajiibuu lahum wara-awul 'adzaaba, lau annahum kaanuu yahtaduun.

65. Besuk ing dina Qiyamat, Allah andangu marang wong-wong kafir, pangandikane: "Apa sira wus padha nyandikani dhawuhe para Rasul?"

٦٥- وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ فَيَقُولُ مَاذَآ أَجَبْتُمُ ٱلْمُرْسَلِينَ ۝

Wa yauma yunaadiihim fayaquulu maadzaa ajabtumul mursaliin.

66. Lan dina iku sawarnaning alasan wus peteng, jalaran saka iku dheweke ora padha bisa takon-tinakon, mula ora bisa ngaturake wangsulan apa-apa!

٦٦- فَعَمِيَتْ عَلَيْهِمُ ٱلْأَنۢبَآءُ يَوْمَئِذٍ فَهُمْ لَا يَتَسَآءَلُونَ ۝

Fa'amiyat 'alaihimul ambaa-u yaumaidzin fahum laa yatasaa-aluun.

٦٧- فَأَمَّا مَنْ تَابَ وَآمَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَعَسَىٰ أَنْ يَكُونَ مِنَ الْمُفْلِحِينَ ٥

67. Dene wong kang gelem tobat sarta iman lan nindakake kabecikan, yekti dheweke bakal dadi golongane wong-wong kang padha oleh kabegjan.

Fa-ammaa man taaba wa aamana wa 'amila shaalihan fa'asaa ay yakuuna minal muflihiin.

Gusti Allah pribadi kang namtokake sakabehe kadadeyan.

٦٨- وَرَبُّكَ يَخْلُقُ مَا يَشَاءُ وَيَخْتَارُ مَا كَانَ لَهُمُ الْخِيَرَةُ سُبْحَانَ اللَّهِ وَتَعَالَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ٥

68. Pangeranira nitahake apa-apa miturut kaparenging karsaNe tur kalawan pamilihe piyambak, uwong ora padha kawenangake milih sakarepe dhewe. Maha Suci Allah lan Maha Luhur saka barang kang padha disakuthokake dening wong-wong musyrik.

Wa rabbuka yakhluqu maa yasyaa-u wa yakhtaar, maa kaana lahumul khiyarah, subhaanallaahi wa ta'aalaa 'ammaa yusyrikuun.

٦٩- وَرَبُّكَ يَعْلَمُ مَا تُكِنُّ صُدُورُهُمْ وَمَا يُعْلِنُونَ ٥

69. Pangeranira Nguningani kabeh kang kasidhem dening ati-atine wong-wong mau, lan kabeh kang padha diedhengake.

Wa rabbuka ya'lamu maa tukinnu shushuduuruhum wamaa yu'linuun.

٧٠- وَهُوَ اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ لَهُ الْحَمْدُ فِي الْأُولَىٰ وَالْآخِرَةِ وَلَهُ الْحُكْمُ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ٥

70. Hiya: PanjenengaNe Allah, ora ana Pangeran kang sinembah kajaba hamung PanjenengaNe piyambak. Sakabehing puji ana ing Donya lan Akherat, hamung kagungaNe Allah piyambak, lan PanjenengaNe kang ngasta hukum, lan hamung marang PanjenengaNe, sira kabeh bakal padha disowanake.

Wa huwallaahu laa ilaaha illaa huwa, lahul hamdu fil uulaa wal aakhirah, wa lahul hukmu wa ilaihi turja'uun.

٧١- قُلْ أَرَأَيْتُمْ إِنْ جَعَلَ اللَّهُ عَلَيْكُمُ اللَّيْلَ سَرْمَدًا إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ مَنْ إِلَٰهٌ غَيْرُ اللَّهِ يَأْتِيكُمْ بِضِيَاءٍ أَفَلَا تَسْمَعُونَ ٥

71. Dhawuha sira Muhammad: "Mara sira kabeh nerangna marang aku, manawa dikirak-kirakake Allah andamel wengi iku tetep salawase tumeka dina Qiyamat, sapa Pangeran saliyane Allah kang bisa aweh papadhang marang sira? Apa sira ora krungu?

Qul ara-aitum in ja'alallaahu 'alaikumul laila sarmadan ilaa yaumil qiyaamati man ilaahun ghairullaahi ya'tiikum bidhiyaa', afalaa tasma'uun.

72. Sira dhawuha maneh: "Mara sira kabeh nerangna marang aku, manawa dikirakkirakake Allah andamel rina iku tetep salawase tumeka dina Qiyamat, sapa Pangeran saliyane Allah kang bisa aweh wengi marang sira kanggo pengasonira? Apa sira ora padha anggatekake?"

٧٢- قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِن جَعَلَ ٱللَّهُ عَلَيْكُمُ ٱلنَّهَارَ سَرْمَدًا إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ مَنْ إِلَٰهٌ غَيْرُ ٱللَّهِ يَأْتِيكُم بِلَيْلٍ تَسْكُنُونَ فِيهِ ۖ أَفَلَا تُبْصِرُونَ ٥

Qul ara-aitum in ja'alallaahu 'alaikumun nahaara sarmadan ilaa yaumil qiyaamati man ilaahun ghairullaahi ya'tiikum bilailin taskunuuna fiih, afalaa tubshiruun.

73. Lan sawenehing rahmate Allah, PanjenengaNe wus ndadekake rina lan wengi kanggo sira kabeh, supaya sira ana wengi iku bisa lerem, lan ana ing rina bisa ngupaya boga golek rezeki saka kanugrahaNe Allah, lan supaya sira padha syukur.

٧٣- وَمِن رَّحْمَتِهِۦ جَعَلَ لَكُمُ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ لِتَسْكُنُوا۟ فِيهِ وَلِتَبْتَغُوا۟ مِن فَضْلِهِۦ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ٥

Wa mir-rahmatihii ja'ala lakumul laila wannahaara litaskunuu fiihi wa litabtaghuu min fadhlihii wa la'allakum tasykuruun.

Kededel saka hawa nafsu wong musyrik nyakuthokake Allah SWT.

74. Ing besuk dina Qiyamat, Allah nimbali wong-wong musyrik mau nuli andangu: "Endi saiki, brahala-brahala kang padha sira awadake sakuthunIngsun?"

٧٤- وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ فَيَقُولُ أَيْنَ شُرَكَآءِىَ ٱلَّذِينَ كُنتُمْ تَزْعُمُونَ ٥

Wa yauma yunaadiihim fayaquulu aina syurakaa-iyal ladziina kuntum taz'umuun.

75. Ingsun matah sawijining saksi ing saben-saben ummat, 743) Ingsun banjur ngandika marang ummat-ummat kang maido Utusane: "Sira nekakna kujahira!" Wong-wong musyrik mau padha ngerti yen satemene kabeneran iku kagungaNe Allah; lan sirna kang padha digawe-gawe anggone anggorohi Allah saka wong-wong musyrik mau.

٧٥- وَنَزَعْنَا مِن كُلِّ أُمَّةٍ شَهِيدًا فَقُلْنَا هَاتُوا۟ بُرْهَٰنَكُمْ فَعَلِمُوٓا۟ أَنَّ ٱلْحَقَّ لِلَّهِ وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُوا۟ يَفْتَرُونَ ٥

Wa naza'naa min kulli ummatin syahiidan faqulnaa haatuu burhaanakum fa'alimuu annal haqqa lillaahi wa dhalla 'anhum maa kaanuu yaftaruun.

743). Inggih kautusipun para andika Rasul punika ugi dados saksi ing nalika wonten Donya rumiyin. Sarta tiyang musyrik punika rumiyin ugi mangertos bilih para Nabi punika ajak-ajak Agami Tauhid ingkang leres, lan tumindak musyrik punika dosa ageng ingkang boten saged dipun apunten, sarta estunipun punika damel-damel saking hawa nafsunipun dipun akenaken piwucal Agami, cetha bilih kamusyrikan punika dipun tutup-tutupana punapa kemawon, punika pemalsuan (korespi) ing babagan Agami.

Caritane Qarun lan kasugihane pantes dianggo pitutur!

76. Sanyata Qarun 744) iku saka kaume Musa, dheweke nuli nganiaya marang Musa lan kaume, lan Ingsun wus paring bandha gegedhongan marang Qarun, kang kunci-kunci gudhange bae kabotan yen dipikul wong akeh tur padha rosa-rosa. Nalika kaume matur marang dheweke: "Sampeyan sampun kaladuk bingah-bingah, saestunipun Allah punika boten remen dhateng tiyang ingkang bingah-bingah sapurun-purunipun.

٧٦- إِنَّ قَارُونَ كَانَ مِن قَوْمِ مُوسَىٰ فَبَغَىٰ عَلَيْهِمْ ۖ وَآتَيْنَاهُ
مِنَ الْكُنُوزِ مَا إِنَّ مَفَاتِحَهُ لَتَنُوءُ بِالْعُصْبَةِ أُولِي
الْقُوَّةِ إِذْ قَالَ لَهُ قَوْمُهُ لَا تَفْرَحْ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ
الْفَرِحِينَ ٥

Inna qaaruuna kaana min qaumi muusaa fabaghaa 'alaihim wa aatainaahu minal kunuuzi maa inna mafaatihahuu latanuu-u bil 'ushbati ulil quwwati idz qaala lahuu qaumuhuu laa tafrah innallaaha laa yuhibbul farihiin.

77. Ananging mugi ngupadasa ing Akherat kalayan kasugihan ingkang sampun kaparingaken dening Allah dhumateng sampeyan. Ewa samanten sampun nilar ing bagean sampeyan wonten ing Donya, lan mugi nindakna ing kasaenan kados dene Allah sampun damel kasaenan tumrap sampeyan, tuwin sampun ngantos pados karisakan wonten ing Bumi, jalaran saestunipun Allah punika boten rena dhateng titiyang ingkang damel risak!

٧٧- وَابْتَغِ فِيمَا آتَاكَ اللَّهُ الدَّارَ الْآخِرَةَ ۖ وَلَا تَنسَ
نَصِيبَكَ مِنَ الدُّنْيَا ۖ وَأَحْسِن كَمَا أَحْسَنَ اللَّهُ
إِلَيْكَ ۖ وَلَا تَبْغِ الْفَسَادَ فِي الْأَرْضِ ۖ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ
الْمُفْسِدِينَ ٥

Wabtaghi fiimaa aataakallaahud daaral aakhirata walaa tansa nashiibaka minad dun-yaa wa ahsin kamaa ahsanallaahu ilaika walaa tabghil fasaada fil ardh, innallaaha laa yuhibbul mufsidiin.

78. Qarun mangsuli: "Satemene aku kaparingan bandha gegedhongan iku jalaran aku duwe kawruh!" Pangandikaning Allah: "Apa dheweke ora mangerti, yen sanyata Allah wus ngrusak ummat-ummat kang sadurunge dheweke, kang luwih kuwat lan luwih akeh gerombolane lan bandhane tinimbang dheweke. Lan wong-wong kang duraka, wus ora didangu maneh saka perkara dosane".

٧٨- قَالَ إِنَّمَا أُوتِيتُهُ عَلَىٰ عِلْمٍ عِندِي ۚ أَوَلَمْ يَعْلَمْ أَنَّ
اللَّهَ قَدْ أَهْلَكَ مِن قَبْلِهِ مِنَ الْقُرُونِ مَنْ هُوَ أَشَدُّ
مِنْهُ قُوَّةً وَأَكْثَرُ جَمْعًا ۚ وَلَا يُسْأَلُ عَن ذُنُوبِهِمُ
الْمُجْرِمُونَ ٥

Qaala innamaa uutiituhuu 'alaa 'ilmin 'indii, awalam ya'lam annallaaha qad ahlaka min qablihii minal quruuni man huwa asyaddu minhu quwwataw wa aktsaru jamii'aa, walaa yus-alu 'an dzunuubihimul mujrimuun.

744). Qarun punika salah satunggaling anakipun paman Nabi Musa a.s. ingkang kaloka ing sejarah zaman kina kasugihan lan kamuktenipun. Sering dados kabar penarik ing serat kabar; tegesipun kabar namung dongeng dedamelan bab raja-brana fantasi.

79. Qarun nuli metu[737] marang kaume Musa sarta mamerake pepaesane sangarepe wong-wong kang padha kasengsem pangurip-an Donya, padha ngucap: "Muga-muga kita anduweni bandha kaya kang wus kaparing-ake marang Qarun iku, sanyata dheweke anduweni bagean akeh!".

٧٩- فَخَرَجَ عَلَىٰ قَوْمِهِۦ فِى زِينَتِهِۦ ۖ قَالَ ٱلَّذِينَ يُرِيدُونَ
ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا يَٰلَيْتَ لَنَا مِثْلَ مَآ أُوتِىَ قَٰرُونُ ۙ
إِنَّهُۥ لَذُو حَظٍّ عَظِيمٍ ۝

Fakharaja 'alaa qaumihii fii ziinatih, qaalal ladziina yuriiduunal hayaatad dun-yaa yaa laita lanaa mitsla maa uutiya qaaruunu innahuu ladzuu hazhzhin 'a-zhiim.

80. Lan para ulama Bani Israil padha ngu-cap: "Sira aja ngucap mangkono; mangertia yen ganjaraNe Allah iku luwih becik tumrap wong kang iman lan nindakake laku becik, sarta ora ana kang kaparingan iman lan bisa nindakake amal shaleh, kajaba wong-wong kang padha sabar!"

٨٠- وَقَالَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ وَيْلَكُمْ ثَوَابُ ٱللَّهِ خَيْرٌ
لِّمَنْ ءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحًا ۚ وَلَا يُلَقَّىٰهَآ إِلَّا ٱلصَّٰبِرُونَ ۝

Wa qaalal ladziina uutul 'ilma wailakum tsawaabullaahi khairul liman aamana wa 'amila shaalihaa, walaa yulaqqaahaa illash shaabiruun.

81. Qarun dalah saomahe pisan Ingsun blesekake ana ing Bumi, satemah ora andu-weni golongan kang bisa nulungi dheweke sa-liyane Allah, lan dheweke dudu golongane wong-wong kang bisa ngalang-alangi siksaNe Allah.

٨١- فَخَسَفْنَا بِهِۦ وَبِدَارِهِ ٱلْأَرْضَ فَمَا كَانَ لَهُۥ مِن فِئَةٍ
يَنصُرُونَهُۥ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُنتَصِرِينَ ۝

Fakhasafnaa bihii wa bidaarihil ardh, famaa kaana lahuu min fi-atiy yanshu-ruunahuu min duunilllaahi wamaa kaana minal muntashiriin.

82. Lan wong-wong kang kapengin duwe pangkat kalungguhan kaya Qarun dhek wingi padha ngucap: "Lah dene, dudu kaya kang diucapake dening Qarun yen kasugihan iku saka gaweane, nanging sanyata Allah anjem-barake lan ngrupegake rezeki marang wong kang dadi kaparenging karsaNe saka para ka-wulaNe: saupama Allah ora paring kanu-grahan marang kita, yekti kita kablesekake ana ing Bumi kaya Qarun, gumun temenan kita! Sanyata ora bakal begja wong-wong kang padha kafir".

٨٢- وَأَصْبَحَ ٱلَّذِينَ تَمَنَّوْا۟ مَكَانَهُۥ بِٱلْأَمْسِ يَقُولُونَ وَيْكَأَنَّ
ٱللَّهَ يَبْسُطُ ٱلرِّزْقَ لِمَن يَشَآءُ مِنْ عِبَادِهِۦ وَيَقْدِرُ ۖ
لَوْلَآ أَن مَّنَّ ٱللَّهُ عَلَيْنَا لَخَسَفَ بِنَا ۖ وَيْكَأَنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ
ٱلْكَٰفِرُونَ ۝

Wa ash-bahal ladziina tamannau makaa-nahuu bil amsi yaquuluuna way-ka-annal laaha yabshuthur rizqa limay yasyaa-u min 'ibaadihii wa yaqdir, laulaa amman nallaahu 'alainaa lakhasafa binaa, wayka-annahuu laa yuflihul kaafiruun.

737). Para sarjana Tafsir anerangaken bilih satunggaling wekdal Qarun pamer karnaval ageng-agengan, sadaya batur tukon jaler-estri sarta emas picis raja brana kerik lampit medal sadaya. Lan damel andrawina pista kembul bojana ngungkuli para Raja. Ananging jalaran Qarun punika tekabur, kasugihan lan kawibawan punika usahanipun piyambak, sanes paparingipun Allah, sarta nuwuh-aken kamurkan lan karisakan, lajeng dipun siksa ing Donya ambles Bumi. Pramila bandha amanating Allah prayogi kamanfaataken sabagean kangge dana sosial lan boten prayogi kagem pamer kados Qarun.

Amal kabecikan siji diganjar pirang-pirang pahala.

83. Negara Akherat (Suwarga) iku Ingsun cawisake tumrap wong-wong kang ora kumaluhur ana ing Bumi, lan ora gawe rusak, lan wekasan kang becik iku kanggo wong-wong kang bekti marang Allah.

٨٣- تِلْكَ الدَّارُ الْآخِرَةُ نَجْعَلُهَا لِلَّذِينَ لَا يُرِيدُونَ عُلُوًّا فِي الْأَرْضِ وَلَا فَسَادًا ۚ وَالْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِينَ ۝

Tilkad daarul aakhiratu naj'aluhaa lil-ladziina laa yuriiduuna 'uluwwan fil ardhi walaa fasaadaa, wal'aaqibatu lil muttaqiin.

84. Sing sapa wonge nindakake laku becik, dheweke anduweni ganjaran kang luwih becik saka kabecikan mau, dene sing sapa wonge nglakoni ala, mangka wong-wong kang nindakake laku ala iku ora diwales, kajaba satimbang kalawan barang kang wus padha ditindakake.

٨٤- مَنْ جَاءَ بِالْحَسَنَةِ فَلَهُ خَيْرٌ مِنْهَا ۖ وَمَنْ جَاءَ بِالسَّيِّئَةِ فَلَا يُجْزَى الَّذِينَ عَمِلُوا السَّيِّئَاتِ إِلَّا مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Man jaa-a bil hasanati falahuu khairum minhaa, waman jaa-a bissayyi-ati falaa yujzal ladziina 'amilus sayyi-aati illaa maa kaanuu ya'maluun..

Janji Allah arsa menangake Muhammad s.a.w. ing kaume.

85. Sanyata Pangeran kang wus nurunake Quraan marang sira Muhammad, yekti PanjenengaNe ambalekake kalawan kamenangan marang Negara Mekkah.[745] Dhawuha sira: "Pangeranku kang luwih Nguningani marang wong kang teka kalawan pituduh, lan PanjenengaNe luwih Nguningani marang wong kang ana ing sasar kang nyata".

٨٥ إِنَّ الَّذِي فَرَضَ عَلَيْكَ الْقُرْآنَ لَرَادُّكَ إِلَىٰ مَعَادٍ ۗ قُلْ رَبِّي أَعْلَمُ مَنْ جَاءَ بِالْهُدَىٰ وَمَنْ هُوَ فِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ۝

Innalladziina faradha 'alaikal qur-aana laraadduka ilaa ma'aad, qur rabbii a'-lamu man jaa-a bil hudaa waman huwa fii dhalaalim mubiin.

86. Muhammad, maune sira ora ngirak-ngirakake yen bakal katurunan Quraan, ananging jalaran anane rahmat saka Pangeranira, sira katurunan Quraan iku. Mangka poma sira aja pisan-pisan ambiyantu marang wong-wong kang padha kafir.

٨٦- وَمَا كُنْتَ تَرْجُو أَنْ يُلْقَىٰ إِلَيْكَ الْكِتَابُ إِلَّا رَحْمَةً مِنْ رَبِّكَ فَلَا تَكُونَنَّ ظَهِيرًا لِلْكَافِرِينَ ۝

Wamaa kunta tarjuu ay yulqaa ilaikal kitaabu illaa rahmatam mir-rabbika falaa takuunanna zhahiiral lil-kaafiriin.

745). Kamenangan agung sarana dhame punika kadadosan ing tahun wolu Hijrah, ugi satunggaling mu'jizating Nabi s.a.w.

87. Lan sira aja nganti kena dialang-alangi dening wong-wong kafir iku, anggonira ngamalake Ayat-Ayate Allah, sawuse Ayat-Ayat iku katurunake marang sira Muhammad. Lan sira ngajaka marang Agamane Pangeranira, nanging aja pisan-pisan sira dadi golongane wong-wong kang padha musyrik.

٨٧- وَلَا يَصُدُّنَّكَ عَنْ اٰيٰتِ اللّٰهِ بَعْدَ اِذْ اُنْزِلَتْ اِلَيْكَ وَادْعُ اِلٰى رَبِّكَ وَلَا تَكُوْنَنَّ مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۝

Walaa yashuddunnaka 'an aayaatillaahi ba'da idz unzilat ilaika wad'u ilaa rabbika walaa takuunanna minal musyrikiin.

88. Lan sira aja nyembah marang Pangeran liyane, bebarengan nembah ing Allah, ora ana Pangeran kang wajib disembah kajaba mung PanjenengaNe Allah piyambak, sakabehing barang iku mesthi rusak, kajaba mung Allah piyambak kang ora rusak. Mung kagungaNe Allah piyambak hukum iku, lan mung marang PanjenengaNe piyambak sira kabeh bakal disowanake!

***).

٨٨- وَلَا تَدْعُ مَعَ اللّٰهِ اِلٰهًا اٰخَرَ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ كُلُّ شَيْءٍ هَالِكٌ اِلَّا وَجْهَهٗ لَهُ الْحُكْمُ وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ۝

Walaa tad'u ma'allaahi ilaahan aakhara laa ilaaha illaa huwa, kullu syai-in haalikun illaa wajhah, lahul hukmu wa ilaihi turja'uun.

***). Minangka panutuping katerangan ingkang sawatawis wigatos sesambetanipun surat Al Qashash kaliyan surat Al 'Ankabut kados ing ngandhap punika:

1. Surat Al Qashash anerangaken Nabi Musa a.s. boten sengaja mejahi tiyang Qibti, bangsanipun Raja Fir'aun, sarta wilujengipun pimpinaning Nabi Musa a.s. nuju merdika saking asta lan kazhalimanipun Raja Fir'aun, ngantos kawusananipun Fir'aun sawadyabalanipun dipun kelem ing Seganten Abrit. Dene wonten ing surat Al 'Ankabut anerangaken wilujengipun Nabi Nuh a.s. wonten baita ingkang masyhur sejarahipun.
2. Ing surat Al Qashash anerangaken ringkih tanpa daya alasanipun tiyang ingkang nyembah brahala, manawi wonten ing surat Al 'Ankabut anggamblangaken keklintuanipun kapitadosan makaten wau kados dene pitadosipun kemlandhingan dhateng griyanipun ingkang ringkih lan gampil risak punika!

AL 'ANKABUT (KEMLANDHINGAN)

Surat kaping 29 : 69 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 1 nganti ayat 11 kawahyokake ana ing Madinah, tumurun sawuse surat Ar Rum (Bangsa Rumawi)

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Aliif Laam Miim (Hamung Allah pribadi kang Ngudaneni maksude).

١ - الٓمّٓ ○

Alif Laam Miim.

2. Apa para manungsa iku padha ngira yen dheweke ditogake bae anggone ngucap: "Kita sampun sami pitados!", lan ora dicoba ana ing pangleleran?

٢ - اَحَسِبَ النَّاسُ اَنْ يُّتْرَكُوْٓا اَنْ يَّقُوْلُوْٓا اٰمَنَّا وَهُمْ لَا يُفْتَنُوْنَ ○

Ahasiban naasu ay-yutrakuu ay-yaquuluu amannaa wahum laa yuftanuun.

3. Lan temen Ingsun wus nyoba ngleler wong-wong biyen kang sadurunge dheweke, perlu Allah Nguningani wong kang bener imane, lan sanyata Allah Nupiksa wong-wong kang goroh imane!

٣ - وَلَقَدْ فَتَنَّا الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَلَيَعْلَمَنَّ اللّٰهُ الَّذِيْنَ صَدَقُوْا وَلَيَعْلَمَنَّ الْكٰذِبِيْنَ ○

Walaqad fatannal ladziina min qablihim falaya'lamannal-laahul ladziina shadaquu wa laya'lamannal kaadzibiin.

4. Utawa apa wong-wong kang nindakake laku ala iku anduweni pangira manawa dheweke bakal luput saka siksanIngsun? Ala banget anggone padha netepake pangirane dhewe iku!

٤ - اَمْ حَسِبَ الَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ السَّيِّاٰتِ اَنْ يَّسْبِقُوْنَا ۗ سَآءَ مَا يَحْكُمُوْنَ ○

Am hasibal ladziina ya'maluunas sayyiaati ay-yasbiquunaa, saa-a maa yahkumuun.

٥ - مَنْ كَانَ يَرْجُوا لِقَآءَ اللّٰهِ فَإِنَّ أَجَلَ اللّٰهِ لَآتٍ ۚ وَهُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ۝

5. Sing sapa ngarep-arep sowan marang ngarsaning Allah, sanyata Allah iku mesthi nyata teka, lan PanjenengaNe kang Maha Miarsa, Maha Uninga.

Man kaana yarjuu liqaa-allaahi fa-inna ajalallaahi la-aat, wa huwas samii'ul 'aliim.

Wong kang tumemen usaha, bakal ngrasakake manfa'ate.

٦ - وَمَنْ جَاهَدَ فَإِنَّمَا يُجَاهِدُ لِنَفْسِهٖ ۚ إِنَّ اللّٰهَ لَغَنِيٌّ عَنِ الْعٰلَمِيْنَ ۝

6. Lan sing sapa temen-temen ana ing Agamane Allah (jihad), sanyata anggone temen-temen iku migunani marang awake dhewe. Sanyata Allah iku kang Maha Sugih, ora butuhake apa bae, saka makhluk sa'alam kabeh.

Waman jaahada fa-innamaa yujaahidu linafsihi, innallaaha laghaniyyun 'anil 'aalamiin.

٧ - وَالَّذِيْنَ آمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَنُكَفِّرَنَّ عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَحْسَنَ الَّذِيْ كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

7. Dene wong kang iman sarta nindakake laku becik, yekti Ingsun bakal nglebur lakulakune kang ala, lan temen Ingsun bakal anganjar kalawan kang luwih becik tinimbang amale kang wus padha ditindakake.

Walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lanukaffiranna 'anhum sayyi-aatihim walanajziyannahum ahsanal ladziina kaanuu ya'maluun.

Ibu Bapa kang mrentahake musyrik ing Allah kudu disulayani.

٨ - وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ حُسْنًا ۖ وَإِنْ جَاهَدٰكَ لِتُشْرِكَ بِيْ مَا لَيْسَ لَكَ بِهٖ عِلْمٌ فَلَا تُطِعْهُمَا ۚ إِلَيَّ مَرْجِعُكُمْ فَأُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

8. Lan Ingsun wus paring wasiyat marang manungsa supaya padha gawe becik marang wong tuwane loro. Manawa sakalorone marentah ing sira supaya nyakuthokake Ingsun, kang sira ora anduweni pangertian, poma aja sira turut. Mung marang ngarsanIngsun panggonan balinira, Ingsun banjur paring katerangan marang sira kabeh perkara kang wus padha sira tindakake.

Wawashshainal insaana biwaalidaihi husnaa, wa-in jaahadaaka litusyrika bii maa laisa laka bihii 'ilmun falaa tuthi'humaa, ilayya marji'ukum fa-unabbi-ukum bimaa kuntum ta'maluun..

٩ - وَالَّذِيْنَ آمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَنُدْخِلَنَّهُمْ فِي الصّٰلِحِيْنَ ۝

9. Dene wong-wong kang padha iman lan nindakake laku becik, yekti dheweke bakal Ingsun lebokake ana ing golongane wong-wong kang padha shaleh!

WAlladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lanudkhilannahum fish shaalihiin.

Tanduk adhedhasar kaantepane wong kang ringkih imane yen kena coba.

10. Sawenehing manungsa ana kang ngucap: "Kawula pitados dhumateng Allah". Wusana bareng dheweke dilarani sabab anggone iman nglabuhi Agamaning Allah, dheweke banjur anduweni anggep: fitnah saka manungsa iku kaya dene siksane Allah. Lan manawa oleh pitulung saka ngarsaning Allah Pangerane, yekti dheweke ngucap: Saestunipun kita ndherek kalayan panjenengan". Apa Allah iku dudu kang luwih Nguningani barang kang ana ing telenging atine makhluk sa-Jagadrat pramudita?"

١٠ - وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّقُوْلُ اٰمَنَّا بِاللّٰهِ فَاِذَآ اُوْذِيَ فِي
اللّٰهِ جَعَلَ فِتْنَةَ النَّاسِ كَعَذَابِ اللّٰهِ ۗ وَلَئِنْ جَآءَ
نَصْرٌ مِّنْ رَّبِّكَ لَيَقُوْلُنَّ اِنَّا كُنَّا مَعَكُمْ ۗ اَوَلَيْسَ اللّٰهُ
بِاَعْلَمَ بِمَا فِيْ صُدُوْرِ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Wa minan naasi may yaquulu aamannaa billaahi fa-idzaa uudziya fillaahi ja'ala fitnatan naasi ka'adzaabillaah, wala-in jaa-a nashrum mir-rabbika layaquulanna innaa kunnaa ma'akum, awalaisal laahu bi-a'lama bimaa fii shuduuril 'aalamiin.

11. Yekti Allah Ngudaneni marang wong-wong kang iman temenan, lan Ngudaneni marang wong kang padha lelamisan (munafik).

١١ - وَلَيَعْلَمَنَّ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَلَيَعْلَمَنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ ۝

Walaya'lamannallaahul ladziina aamanuu walaya'lamannal munaafiqiin.

12. Wong-wong kang padha kafir ngucap marang wong kang padha iman: "Sira padha manuta Agama kita, kita bakal mikul dosa-dosa kaluputanira. Ing mangka, sanyata wong-wong mau dhewe yekti padha ora saguh mikul dosa-dosane dhewe. Sanyata wong-wong mau yekti padha goroh.

١٢ - وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّبِعُوْا سَبِيْلَنَا
وَلْنَحْمِلْ خَطٰيٰكُمْ وَمَا هُمْ بِحٰمِلِيْنَ مِنْ خَطٰيٰهُمْ
مِّنْ شَيْءٍ ۗ اِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ۝

Wa qaalal ladziina kafaruu lilladziina aamanut tabi'uu sabiilanaa walnahmil khathaayaakum, wamaa hum bihaamiliina min khathaayaahum min syai-in, innahum lakaadzibuun.

13. Yekti wong-wong mau bakal mikul dosane dhewe lan dosa liya lan diwuwuhi maneh ing besuk dina Qiyamat yekti dheweke bakal padha dipriksa anggone padha gawe gegorohan ana ing Donya.

١٣ - وَلَيَحْمِلُنَّ اَثْقَالَهُمْ وَاَثْقَالًا مَّعَ اَثْقَالِهِمْ ۖ وَلَيُسْـَٔلُنَّ
يَوْمَ الْقِيٰمَةِ عَمَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ۝

Walayahmilunnna atsqaalahum wa atsqaalam ma'a atsqaalihim walayus-alunna yaumal qiyaamati 'ammaa kaanuu yaftaruun.

Coba tumrap Nabi Nuh a.s., Nabi Ibrahim a.s. lan Nabi Luth a.s.

14. Yekti temen Ingsun wus angutus Nuh marang kaume, dheweke manggon bebarengan karo kaume, sewu tahun kurang seket tahun lawase. Nanging wusanane wong-wong mau tinumpes ing banjir tofan sabab anggone padha anganiaya.

١٤ - وَلَقَدْ اَرْسَلْنَا نُوْحًا اِلٰى قَوْمِهٖ فَلَبِثَ فِيْهِمْ اَلْفَ
سَنَةٍ اِلَّا خَمْسِيْنَ عَامًا ۗ فَاَخَذَهُمُ الطُّوْفَانُ وَ
هُمْ ظٰلِمُوْنَ ۝

Walaqad arsalnaa nuuhan ilaa qaumihii falabitsa fiihim alfa nasatin illaa khamsiina 'aamaa, fa-akhadzahumuth thuufaanu wahum zhaalimuun.

15. Ingsun nuli nylametake Nuh lan wong kang padha nunggang prahu, lan Ingsun andadekake lelakon ing prahu mau dadi pitutur utama ummat manungsa sak Jagadrat pramudita.

١٥- فَأَنجَيْنَٰهُ وَأَصْحَٰبَ ٱلسَّفِينَةِ وَجَعَلْنَٰهَآ ءَايَةً لِّلْعَٰلَمِينَ ۝

Fa-anjainaahu wa ash-haabas safiinati wa ja'alnaahaa aayatal lil'aalamiin.

16. Lan Ingsun wus angutus Ibrahim, nalika ngendika marang kaume: "Sira padha nyembaha marang Allah, lan padha wedia marang Panjenengane! Kang mangkono iku luwih becik tumrap sira manawa sira padha mangerti.

١٦- وَإِبْرَٰهِيمَ إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ وَٱتَّقُوهُ ۖ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ۝

Wa ibraahiima idz qaala liqaumihi' budullaaha wattaquuhu dzaalikum khairul lakum in kuntum ta'lamuun.

17. Sanyata sing padha sira sembah saliyane Allah iku harak mung brahala, lan sira wus gawe gegorohan, satemene brahala kang padha sira sembah saliyane Allah iku ora bisa aweh rezeki marang sira, mulane sira padha nyuwuna rezeki marang ngarsaning Allah, lan sira nyembaha sarta ngaturna puji syukur marang PanjenengaNe Allah! Mung marang PanjenengaNe Allah sira kabeh bakal padha disowanake!"

١٧- إِنَّمَا تَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَوْثَٰنًا وَتَخْلُقُونَ إِفْكًا ۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ تَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ لَا يَمْلِكُونَ لَكُمْ رِزْقًا فَٱبْتَغُوا۟ عِندَ ٱللَّهِ ٱلرِّزْقَ وَٱعْبُدُوهُ وَٱشْكُرُوا۟ لَهُۥٓ ۖ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ۝

Innamaa ta'buduuna min duunillaahi autsaanaw wa takhluquuna ifkaa, innal ladziina ta'buduuna min duunillaahi laa yamlikuuna lakum rizqan fabtaghuu 'indallaahir rizqa wa'buduuhu wasykuruu lahuu ilaihi turja'uun.

18. Lan manawa sira kabeh wong kafir padha maido, yekti ummat-ummat sadurungira uga wus padha maido. Lan ora ana kuwajibane tumrap Rasul iku, kajaba mung nekakake dhawuhing Allah bae kang sanyatanyatane!

١٨- وَإِن تُكَذِّبُوا۟ فَقَدْ كَذَّبَ أُمَمٌ مِّن قَبْلِكُمْ ۖ وَمَا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ٱلْمُبِينُ ۝

Wa-in tukadzdzibuu faqad kadzdzaba umamum min qablikum wamaa 'alar rasuuli illal balaaghul mubiin.

19. Apa wong-wong mau durung sumurup, kapriye mungguhing Allah anggone miwiti nitahake makhluk, PanjenengaNe banjur ambalekake maneh? Satemene kang kaya mangkono iku gampang mungguhing Allah.

١٩- أَوَلَمْ يَرَوْا۟ كَيْفَ يُبْدِئُ ٱللَّهُ ٱلْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥ ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٌ ۝

Awalam yarau kaifa yubdi-ullaahul khalqa tsumma yu'iiduh, inna dzaalika 'alallaahi yasiir.

20. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha lumakua ana ing Bumi, banjur delengen kapriye mungguhing Allah anggone miwiti nitahake makhluk, Allah banjur nangekake sapisan maneh besuk ana ing dina Qiyamat. Sanyata Allah iku Maha Kuwasa ing ngatase sakabehing perkara.

٢٠- قُلْ سِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانْظُرُوا كَيْفَ بَدَأَ الْخَلْقَ ثُمَّ اللَّهُ يُنْشِئُ النَّشْأَةَ الْآخِرَةَ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ۝

Qul siiruu fil ardhi fanzhuruu kaifa bada-al khalqa tsummallaahu yunsyi-un nasy-atal aakhirata innallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

21. Allah nyiksa marang wong kang dadi kaparenging karsaNe lan paring rahmat marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, marang PanjenengaNe sira kabeh padha disowanake.

٢١- يُعَذِّبُ مَنْ يَشَاءُ وَيَرْحَمُ مَنْ يَشَاءُ ۖ وَإِلَيْهِ تُقْلَبُونَ ۝

Yu'adzdzibu may-yasyaa-u wa yarhamu may-yasyaa-u wa ilaihi tuqlabuun.

22. Sira kabeh babar-pisan ora kuwasa oncat saka siksaning Allah ana ing Bumi, utawa ana ing Langit. Lan maneh ora ana kang ngayomi lan mitulungi sira kabeh saliyane Allah.

٢٢- وَمَا أَنْتُمْ بِمُعْجِزِينَ فِي الْأَرْضِ وَلَا فِي السَّمَاءِ وَمَا لَكُمْ مِنْ دُونِ اللَّهِ مِنْ وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ۝

Wamaa antum bimu'jiziina fil ardhi walaa fis-samaa-i wamaa lakum min duunillaahi miw waliyyiw walaa nashiir.

23. Dene wong kang padha kafir marang Ayat-Ayate Allah, sarta kafir anggone bakal sowan ing ngarsaNe, mangka wong kang padha kaya mangkono mau wus pedhot saka Sih-rahmatIngsun, lan wong mau bakal padha kapatrapan siksa kang nglarani.

٢٣- وَالَّذِينَ كَفَرُوا بِآيَاتِ اللَّهِ وَلِقَائِهِ أُولَٰئِكَ يَئِسُوا مِنْ رَحْمَتِي وَأُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Walladziina kafaruu bi-aayaatillaahi wa liqaa-ihii ulaa-ika ya-isuu mir-rahmatii ulaa-ika lahum 'adzaabun aliim.

24. Ing kono ora ana maneh jawabe kaume Ibrahim kajaba padha ngucap: "Patenana Ibrahim iku, utawa obongen!" Ing wusana Allah banjur nylametake Ibrahim mau saka geni. Sanyata kang mangkono iku temen dadi tandha yekti kaagunganing Allah tumrap wong-wong kang iman".

٢٤- فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِ إِلَّا أَنْ قَالُوا اقْتُلُوهُ أَوْ حَرِّقُوهُ فَأَنْجَاهُ اللَّهُ مِنَ النَّارِ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ۝

Famaa kaana jawaaba qaumihii illaa an qaaluq-tuluuhu au harriquuhu fa-anjaahullaahu minannaar, inna fii dzaalika la-aayaatil laqqaumiy yu'minuun.

25. Ibrahim ngandika: "Sanyata Pangeran-Pangeran sing padha kok sembah saliyane Allah iku mung brahala, dumunung sih-sinihan ana ing antaranira ing panguripan Donya, sabanjure ing besuk dina Qiyamat sawenehira bakal mungkiri marang sawenehe, sarta sawenehe ngla'nati marang saweneh liyane, lan panggonanira kabeh ana ing Neraka, sarta sira kabeh ora anduweni panulung siji-sijia".

٢٥- وَقَالَ إِنَّمَا اتَّخَذْتُمْ مِّن دُونِ اللَّهِ أَوْثَانًا مَّوَدَّةَ بَيْنِكُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا ثُمَّ يَوْمَ الْقِيَامَةِ يَكْفُرُ بَعْضُكُم بِبَعْضٍ وَيَلْعَنُ بَعْضُكُم بَعْضًا وَمَأْوَاكُمُ النَّارُ وَمَا لَكُم مِّن نَّاصِرِينَ ۝

Wa qaala innamat takhadz-tum min duunillaahi autsaanaa, mawaddatam bainakum fil hayaatid dun-yaa, tsumma yaumal qiyaamati yakfuruuna ba'dhukum biba'dhiw wa yal'anu ba'dhukum ba'dhaw wa ma'waakumun naaru wamaa lakum min naashiriin.

26. Ing kono Luth banjur ambenerake kanabiane. Lan Ibrahim ngucap: "Saestunipun kawula boyong (hijrah) dhumateng panggenan ingkang kadhawuhaken dening Pangeran kawula, lan PanjenengaNipun Allah punika Maha Unggul, Maha Wicaksana.

٢٦- فَآمَنَ لَهُ لُوطٌ وَقَالَ إِنِّي مُهَاجِرٌ إِلَىٰ رَبِّي إِنَّهُ هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ۝

Fa-aamana lahuu luuthun wa qaala innii muhaajirun ilaa rabbii, innahuu huwal 'aziizul hakiim.

27. Lan Ingsun wus paring marang Ibrahim, Ishaq, dadi putrane, lan Ya'qub, dadi wayahe, sarta Ingsun wus namtokake drajat Kenabian ana ing tedhak turune, padha Ingsun paringi nggadhuh Kitab Suci, lan Ingsun wus paring ganjaran marang Ibrahim ana ing Donya,[746] dene besuk ana ing Akherat dheweke kalebu golongane wong-wong kang shaleh.

٢٧- وَوَهَبْنَا لَهُ إِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَجَعَلْنَا فِي ذُرِّيَّتِهِ النُّبُوَّةَ وَالْكِتَابَ وَآتَيْنَاهُ أَجْرَهُ فِي الدُّنْيَا وَإِنَّهُ فِي الْآخِرَةِ لَمِنَ الصَّالِحِينَ ۝

Wawahabnaa lahuu is-haaqa wa ya'quuba wa ja'alnaa fii dzurriyyyatihin nubuwwata wal kitaaba wa aatainaahu ajrahuu fid-dunyaa, wa innahuu fil aakhirati laminash shaalihiin.

28. Ingsun uga wus angutus Luth, ing nalika dheweke ngandika marang kaume: "Pancen sira kabeh iku ora tedheng aling-aling, nindakake laku ala, kang durung tau ana wong siji-sijiya ing 'alam Donya iki kang nindakake laku saru mangkono iku.

٢٨- وَلُوطًا إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ إِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ الْفَاحِشَةَ مَا سَبَقَكُم بِهَا مِنْ أَحَدٍ مِّنَ الْعَالَمِينَ ۝

Wa luuthan idz qaala liqaumihii innakum lata'tuunal faakhisyata maa sabaqakum bihaa min ahadim minal 'aalamiin.

746). Gusti Allah paring ganjaran mukti wibawa wonten ing Donya, inggih punika tedhak turunipun Nabi Ibrahim a.s. sami dados Nabi lan Rasul, antawisipun: Nabi Ishaq a.s., Nabi Ya'kub a.s., Nabi Isma'il a.s. sarta Panutuping para Andika Nabi, Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. Manawi Rasulullah s.a.w. dipun paringi asma julukan Al-Amin, tegesipun ingkang sanget pinitados, dene Nabi Ibrahim a.s. asma sesebutanipun Al-Khalil, artosipun ingkang kinasih ing Allah.

29. Yaiku sira padha nindakake gemblakan, lanang padha lanang, lan padha ngrampok [747] ngadhang memalangi wong liwat ana ing dalan, sarta nindakake laku mungkar ngedheng ana ing panggonan kang ndhadhah". Ing kono jawabe kaume ora ana liya kajaba ngucap: "Cobi panjenengan dhatengaken siksanipun Allah, manawi panjenengan punika golonganipun titiyang ingkang temen".

٢٩- إِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ الرِّجَالَ وَتَقْطَعُونَ السَّبِيلَ ۙ وَ
تَأْتُونَ فِي نَادِيكُمُ الْمُنكَرَ ۖ فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِ
إِلَّا أَن قَالُوا ائْتِنَا بِعَذَابِ اللَّهِ إِن كُنتَ مِنَ
الصَّادِقِينَ ٥

A-innakum lata'tuunar rijaala wa taqtha'uunas sabiila wa ta'tuuna fii naadiikumul munkar, famaa kaana jawaaba qaumihii illaa an qaalu'tinaa bi'adzaabil laahi in kunta minash shaadiqiin..

30. Luth munjuk: "Dhuh Pangeran kawula, mugi Paduka paring pitulung dhumateng kawula, kalayan nurunaken siksa dhumateng titiyang ingkang sami damel risak".

٣٠- قَالَ رَبِّ انصُرْنِي عَلَى الْقَوْمِ الْمُفْسِدِينَ ٥ ع ٣ ١٥

Qaala rabbin-shurnii 'alal qaumil mufsidiin.

31. Bareng UtusanIngsun para Malaikat anekani Ibrahim kalawan ngampil pawarta bungah, [748] ing kono para Utusan mau ngucap marang Ibrahim: "Saestunipun kita kadhawuhan numpes dhateng titiyang Negari Sadom punika, jalaran titiyang ing Negari punika sami nganiaya".

٣١- وَلَمَّا جَاءَتْ رُسُلُنَا إِبْرَاهِيمَ بِالْبُشْرَىٰ قَالُوا إِنَّا
مُهْلِكُو أَهْلِ هَٰذِهِ الْقَرْيَةِ ۖ إِنَّ أَهْلَهَا كَانُوا
ظَالِمِينَ ٥

Walammaa jaa-at rusulunaa ibraahiima bil busyraa qaaluu innaa muhlikuu ahli haadzihil qaryati, inna ahlahaa kaanuu zhaalimiin.

32. Ibrahim mangsuli: "Saestunipun Luth wonten ing Negari Sadom ngriku". Para Utusan mau banjur ngucap: "Kita sampun sami sumerep dhateng para titiyang ingkang wonten ing ngriku, saestu piyambakipun Luth saahlinipun sadaya badhe kita wilujengaken, kajawi namung simahipun, [749] awit piyambakipun katamtokaken dados golonganipun titiyang ingkang tetep wonten ing Neraka".

٣٢- قَالَ إِنَّ فِيهَا لُوطًا ۚ قَالُوا نَحْنُ أَعْلَمُ بِمَن فِيهَا ۖ لَنُنَجِّيَنَّهُ وَأَهْلَهُ إِلَّا امْرَأَتَهُ ۖ كَانَتْ مِنَ
الْغَابِرِينَ ٥

Qaala inna fiihaa luuthan qaaluu nahnu a'lamu biman fiihaa, lanunajjiyannahuu wa ahlahuu illam-ra-atahuu kaanat minal ghaabiriin.

---

747). Para ulama ahli Tafsir anerangaken bilih ingkang dipun maksud "**wataq tha'uunas sabiil**" punika ngrampok utawi begal lan ngecu, utawi lampah gemblak homosexuil, jaler kaliyan jaler, utawi ateges ngrisak bibit turuning manungsa, jalaran lampah gemblakan ingkang saru wau!

748). Inggih pawartos gembira wau badhe kaparing putra jaler ingkang kinasih asma Ismail a.s.

749). Jalaran garwanipun Nabi Luth a.s. sering ambiyantu dados jomblangipun kaum ingkang tumindak sedheng utawi gemblak, jaler kaliyan jaler.
Dhuh para maos, sanget tragis, sanaosa garwa Nabi manawi tumindak ambiyantu duraka ing Agami, tamtu badhe nampi pangadilaning Allah, siksa ing Donya lan Akherat.

33. Bareng para UtusanIngsun wus tekan daleme Luth, iya jalaran tekane Utusan-Utusan iku, dheweke banjur susah lan bingung, kagawa saka tanduke kaum-kaume marang para Utusan mau. Para Utusan nuli ngucap marang Luth: "Panjenengan sampun ajrih tuwin sampun sisah, saestunipun panjenengan lan ahli panjenengan badhe kita wilujengaken, kajawi simah panjenengan sampun katamtokaken dados golonganipun titiyang ingkang kantun dipun siksa".

٣٣- وَلَمَّآ اَنْ جَآءَتْ رُسُلُنَا لُوْطًا سِيْٓءَ بِهِمْ وَضَاقَ بِهِمْ ذَرْعًا وَّقَالُوْا لَا تَخَفْ وَلَا تَحْزَنْ ۖ اِنَّا مُنَجُّوْكَ وَاَهْلَكَ اِلَّا امْرَاَتَكَ كَانَتْ مِنَ الْغٰبِرِيْنَ ۝

Walammaa an-jaa-at rusulunaa luuthan sii-a bihim wa dhaaqa bihim dzar'aw wa qaaluu laa takhaf walaa tahzan, innaa munajjuuka wa ahlaka illam ra-ataka kaanat minal ghaabiriin.

34. Sanyata Ingsun kang bakal nurunake siksa saka Langit marang wong-wong Negara mau, jalaran anggone wus padha duraka.

٣٤- اِنَّا مُنْزِلُوْنَ عَلٰٓى اَهْلِ هٰذِهِ الْقَرْيَةِ رِجْزًا مِّنَ السَّمَآءِ بِمَا كَانُوْا يَفْسُقُوْنَ ۝

Innaa munziluuna 'alaa ahli haadzihil qaryati rijzam minas samaa-i bimaa kaanuu yafsuquun.

35. Lan temen Ingsun wus ninggalake Negarane Luth mau dadi tandha yekti kang cetha tumrap kaum kang gelem ngangen-angen. 750)

٣٥- وَلَقَدْ تَّرَكْنَا مِنْهَآ اٰيَةًۢ بَيِّنَةً لِّقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ۝

Walaqad taraknaa minhaa aayatam bayyinatal liqaumiy ya'qiluun.

Coba tumrap Nabi Syu'aib a.s.

36. Lan maneh Ingsun wus ngutus marang wong-wong Negara Madyan, yaiku Syu'aib isih kalebu kadange dhewe. Dheweke ngucap: "He kaumku, sira padha nyembaha marang Allah lan ngarep-arepa ganjaran ing Dina Akhir, lan sira aja padha gawe rusak ing Bumi".

٣٦- وَاِلٰى مَدْيَنَ اَخَاهُمْ شُعَيْبًا ۙ فَقَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ وَارْجُوا الْيَوْمَ الْاٰخِرَ وَلَا تَعْثَوْا فِى الْاَرْضِ مُفْسِدِيْنَ ۝

Wa-ilaa mad-yana akhaahum syu'aiban faqaala yaa qaumi'budullaaha warjul yaumal aakhira walaa ta'tsau fil ardhi mufsidiin.

37. Ananging kaume nuli padha maido marang Syu'aib, wong-wong mau nuli disiksa kalawan lindhu gedhe, temahan padha mati jengkeng ana ing omah-omahe.

٣٧- فَكَذَّبُوْهُ فَاَخَذَتْهُمُ الرَّجْفَةُ فَاَصْبَحُوْا فِىْ دَارِهِمْ جٰثِمِيْنَ ۝

Fakadzdzabuuhu fa-akhadzat-humur rajfatu fa-ashbahuu fii daarihim jaatsimiin.

38. Lan uga Ingsun wus ngrusak nyirnakake kaum 'Aad lan Tsamud, sarta satemene wus tetela tumrap sira, rusake wong-wong

٣٨- وَعَادًا وَّثَمُوْدَا وَقَدْ تَّبَيَّنَ لَكُمْ مِّنْ مَّسٰكِنِهِمْ ۖ وَزَيَّنَ

750). Patilasan kitha **Sodom** ing Negarinipun Nabi Luth a.s. punika dados tandha yekti arkeologis sarta ing sapunika dados wilayah pariwisata.

mau kabukten saka padesan-padesane kang wus lebur sumyur. Lan syetan wus ngrengga amale wong-wong kang ala katon becik, banjur padha dienggokake dening syetan saka dalan kang bener, ing mangka dheweke padha anduweni akal lan pandulu.

لَهُمُ الشَّيْطٰنُ اَعْمَالَهُمْ فَصَدَّهُمْ عَنِ السَّبِيْلِ وَ
كَانُوْا مُسْتَبْصِرِيْنَ ۙ

Wa 'aadaw wa tsamuuda waqad tabayyana lakum mim masaakinihim, wa zayyana lahumusy syaithaanu a'maalahum fashaddahum 'anis sabiili wa kaanuu mustabshiriin.

Coba tumrap Nabi Musa a.s.

39. Lan uga Ingsun wus ngrusak marang Qarun, Fir'aun, lan Haman. Lan yekti dheweke wus karawuhan Musa kalawan ngampil katerangan kang nyata, wusana padha gumedhe ana ing Bumi, lan ora padha bisa luput saka siksa.

٣٩- وَقَارُوْنَ وَفِرْعَوْنَ وَهَامٰنَ ۫ وَلَقَدْ جَآءَهُمْ مُّوْسٰى
بِالْبَيِّنٰتِ فَاسْتَكْبَرُوْا فِى الْاَرْضِ وَمَا كَانُوْا سٰبِقِيْنَ ۚ

Wa qaaruuna wa fir'auna wa haamaan, walaqad jaa-ahum muusaa bil bayyinaati fastakbaruu fil ardhi wamaa kaanuu saabiqiin.

Nglawan kabeneran mesthi bakal nemahi karusakan.

40. Kabeh wus Ingsun patrapi siksa jalaran dosane, sawenehe wong-wong mau ana kang Ingsun udani watu, sawenehe maneh kasamber bledheg suwara nggegirisi, lan sawenehe maneh Ingsun blesekake ing Bumi, lan saweneh liyane Ingsun kelem ana ing Samudera. Lan ora pisan-pisan Allah nganiaya marang wong-wong mau, nanging hiya malah dheweke dhewe kang padha nganiaya marang awake dhewe.

٤٠- فَكُلًّا اَخَذْنَا بِذَنْۢبِهٖ ۚ فَمِنْهُمْ مَّنْ اَرْسَلْنَا عَلَيْهِ حَاصِبًا ۚ
وَمِنْهُمْ مَّنْ اَخَذَتْهُ الصَّيْحَةُ ۚ وَمِنْهُمْ مَّنْ خَسَفْنَا
بِهِ الْاَرْضَ ۚ وَمِنْهُمْ مَّنْ اَغْرَقْنَا ۚ وَمَا كَانَ اللّٰهُ
لِيَظْلِمَهُمْ وَلٰكِنْ كَانُوْٓا اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ۝

Fakullan akhadznaa bidzambihii faminhum man arsalnaa 'alaihi haashibaa, wa minhum man akhadzat-hush shaihatu wa minhum man khasafnaa bihil ardh, wa minhum man aghraqnaa, wamaa kaanallaahu liyazhlimahum walaakin kaanuu anfusahum yazhlimuun.

41. Sanepane wong-wong kang ngalap pengayoman kang ngayomi saliyane Allah, iku kaya upamane kemlandhingan kang gawe omah. Padha-padha omah ringkih dhewe, iku omah kemlandhingan, manawa wong-wong mau padha mangerti.

٤١. مَثَلُ الَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ اَوْلِيَآءَ كَمَثَلِ
الْعَنْكَبُوْتِ ۚ اتَّخَذَتْ بَيْتًا ۚ وَاِنَّ اَوْهَنَ الْبُيُوْتِ لَبَيْتُ
الْعَنْكَبُوْتِ ۘ لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ۝

Matsalul ladziinat takhadzuu min duunillaahi auliyaa-a kamatsalil 'ankabuut, ittakhadzat baitaa, wa inna auhanal buyuuti labaitul 'ankabuuti lau kaanuu ya'lamuun.

42. Satemene Allah Ngawuningani kang padha disembah dening wong-wong mau saka saliyane PanjenengaNe, lan PanjenengaNe iku kang Maha Unggul, Maha Wicaksana.

٤٢- إِنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا يَدْعُونَ مِن دُونِهِ مِن شَيْءٍ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ٥

Inallaaha ya'lamu maa yad'uuna min duunihii min syai-in wahuwal 'aziizul hakiim.

43. Lan sanepa-sanepa pepadhan mau, Ingsun terangake marang para manungsa, ananging ora ana kang gelem mikirake kajaba wong kang padha mangerti.

٤٣- وَتِلْكَ الْأَمْثَالُ نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ وَمَا يَعْقِلُهَا إِلَّا الْعَالِمُونَ ٥

Wa tilkal amtsaalu nadhribuhaa linnaasi wamaa ya'qiluhaa illal 'aalimuun.

44. Allah wus nitahake Langit lan Bumi iku kalawan bener. Satemene kang mangkono iku tandha yekti tumrap wong-wong kang iman.

٤٤- خَلَقَ اللَّهُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لِّلْمُؤْمِنِينَ ٤ ٥ ع

Khalaqal laahus samaawaati wal ardha bil-haqq, inna fii dzaalika la-aayatal lilmu'miniin.

JUZ 21

Al Quraan nuceni jiwa, Shalat nyegah laku ala lan nyantosakake iman.

45. Muhammad, sira macaa wahyu Quraan kang wus kawahyokake marang sira, sarta nindakna Shalat, jalaran satemene Shalat iku nyegah laku ala sarta laku mungkar, lan temen eling marang Allah (Shalat) iku luwih gedhe kautamane tinimbang ibadat-ibadat liyane, lan Allah iku Nguningani kabeh kang padha sira tindakake.

٤٥- اتْلُ مَا أُوحِيَ إِلَيْكَ مِنَ الْكِتَابِ وَأَقِمِ الصَّلَاةَ إِنَّ الصَّلَاةَ تَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنكَرِ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَصْنَعُونَ ٥

Utlu maa uuhiya ilaika minal kitaabi wa aqimish shalaata innash shalaata tanhaa 'anil fakhsyaa-i wal munkari, waladzikrulllaahi akbar, wallaahu ya'lamu maa tashna'uun.

Tata krama perbantahan (dhebat) utawa rerembugan.

46. Lan sira kabeh aja ambantah wong Ahli Kitab, kajaba kalawan bantahan kang luwih becik, kajaba ngadhepi wong-wong kang nganiaya saka golongane wong-wong mau, lan sira kabeh para wong Mu'min ngucapa: "Aku kabeh iman marang Kitab kang

٤٦- وَلَا تُجَادِلُوا أَهْلَ الْكِتَابِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ إِلَّا الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْهُمْ وَقُولُوا آمَنَّا بِالَّذِي أُنزِلَ إِلَيْنَا وَأُنزِلَ إِلَيْكُمْ وَإِلَٰهُنَا وَإِلَٰهُكُمْ وَاحِدٌ وَنَحْنُ لَهُ مُسْلِمُونَ ٥

wus diturunake marang sira kabeh, Pangeranku lan Pangeranira iku Pangeran kang Sawiji, lan aku kabeh sumarah marang Panjenenga-Ne".

Walaa tujaadiluu ahlal kitaab, illaa billatii hiya ahsan, illal ladziina zhalamuu minhum wa quuluu aamannaa billadzii unzila ilainaa wa unzila ilaikum wa ilaahunaa wa ilaahukum waahiduw wa nahnu lahuu muslimuun.

47. Lan mangkono uga Ingsun nurunake Kitab Quraan marang sira Muhammad. Mangka wong-wong kang wus Ingsun paringi Kitab Taurat, padha iman marang Quraan lan saweneh saka wong kafir Mekkah ana kang iman marang Kitab mau, sarta ora ana kang wani angas (selak) marang ayat-ayat-Ingsun, kajaba wong-wong kang pancen kafir.

٤٧- وَكَذٰلِكَ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكَ الْكِتٰبَ فَالَّذِيْنَ ءَاتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ يُؤْمِنُوْنَ بِهٖ ۚ وَمِنْ هٰٓؤُلَآءِ مَنْ يُّؤْمِنُ بِهٖ ۚ وَمَا يَجْحَدُ بِاٰيٰتِنَآ إِلَّا الْكٰفِرُوْنَ ۝

Wa kadzaalika anzalnaa ilaikal kitaab, falladziina aatainaahumul kitaaba yu'minuuna bih, wamin haa-ulaa-i may yu'minu bih, wamaa yajhadu bi-aayaatinaa illal kaafiruun.

48. Lan sira Muhammad, durung tau maca Kitab Quraan sadurunge, sarta ora tau nulis Kitab nganggo tanganira tengen, jalaran samungguha sira maca lan nulis, mesthi kaum-kaum Ahli Kitab lan musyrikin padha mamang (gojag-gajeg).

٤٨- وَمَا كُنْتَ تَتْلُوْا مِنْ قَبْلِهٖ مِنْ كِتٰبٍ وَّلَا تَخُطُّهٗ بِيَمِيْنِكَ إِذًا لَّارْتَابَ الْمُبْطِلُوْنَ ۝

Wamaa kunta tatluu min qablihii min kitaabiw walaa takhuththuhuu biyamiinika idzal lartaabal mubthiluun.

49. Ananging Quraan iku ayat-ayat kang nyata ana ing atine wong-wong kang diparingi ilmu, lan ora ana kang wani angas (selak) marang ayat-ayatIngsun kajaba wong-wong kang nganiaya.

٤٩- بَلْ هُوَ اٰيٰتٌۢ بَيِّنٰتٌ فِيْ صُدُوْرِ الَّذِيْنَ أُوْتُوا الْعِلْمَ ۚ وَمَا يَجْحَدُ بِاٰيٰتِنَآ إِلَّا الظّٰلِمُوْنَ ۝

Bal huwa aayaatum bayyinaatun fii shuduuril ladziina uutul 'ilma wamaa yajhadu bi-aayaatinaa illazh zhaalimuun.

50. Lan wong-wong Ahli Kitab lan kaum musyrikin ngucap: "Geneya ora diturunake marang Muhammad ayat-ayat saka Pangerane?" Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata urusan Ayat-Ayat (mu'jizat) iku gumantung ana ngastaning Allah piyambak, lan satemene jroning Quraan mau temen dadi rahmat lan pepeling tumrap wong-wong kang padha iman.

٥٠- وَقَالُوْا لَوْلَآ أُنْزِلَ عَلَيْهِ اٰيٰتٌ مِّنْ رَّبِّهٖ ۚ قُلْ إِنَّمَا الْاٰيٰتُ عِنْدَ اللّٰهِ ۚ وَإِنَّمَآ أَنَا نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ۝

Wa qaaluu laulaa unzila 'alaihi aayaatum mir-rabbihi, qul innamaal aayaatu 'indallaah, wa innamaa ana nadziirum mubiin.

51. Apa durung cukup mungguhing wong-wong mau, yen sanyata Ingsun wus nurunake Kitab Quraan iku marang sira, diwacakake marang wong-wong mau? Satemene

٥١- أَوَلَمْ يَكْفِهِمْ أَنَّآ أَنْزَلْنَا عَلَيْكَ الْكِتٰبَ يُتْلٰى عَلَيْهِمْ ۚ إِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَرَحْمَةً وَّذِكْرٰى لِقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ۝

jroning Quraan mau temen dadi rahmat lan pepeling tumrap wong-wong kang padha iman.

Awalam yakfihim annaa nazzalnaa 'alaikal kitaaba yutlaa 'alaihim, inna fii dzaalika larahmataw wa dzikraa liqaumiy yu'minuun.

52. Dhawuha sira Muhammad: "Wus cukup Allah piyambak kang anyekseni antaraku lan antaranira kabeh". Panjenengane Nguningani kabeh kang ana ing Langit-Langit lan Bumi. Lan wong-wong kang iman marang barang batal lan kafir marang Allah, dheweke iku wong-wong kang kapitunan".

٥٢- قُلْ كَفٰى بِاللّٰهِ بَيْنِيْ وَبَيْنَكُمْ شَهِيْدًا ۚ يَعْلَمُ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِالْبَاطِلِ وَكَفَرُوْا بِاللّٰهِ ۙ اُولٰٓئِكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ۝

Qul kafaa billaahi bainii wa bainakum syahiidaa, ya'lamu maa fis-samaawaati wal ardh, walladziina aamanuu bil baathili wa kafaruu billaahi ulaa-ika humul khaasiruun.

Siksaning Allah iku mesthi teka ing wektune.

53. Lan wong-wong mau padha nyuwun marang sira Muhammad, supaya enggal tumurune siksa, saupama ora waktu kang wus katamtokake, temen siksa iku wus tumiba marang wong-wong mau, lan temen tumibane siksa marang wong-wong mau kalawan dadakan ora padha rasa-rasa!

٥٣- وَيَسْتَعْجِلُوْنَكَ بِالْعَذَابِ ۗ وَلَوْلَآ اَجَلٌ مُّسَمًّى لَّجَآءَهُمُ الْعَذَابُ ۗ وَلَيَاْتِيَنَّهُمْ بَغْتَةً وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

Wa yasta'jiluunaka bil 'adzaabi wa laulaa ajalum musammal lajaa-ahumul 'adzaab, wa laya'tiyannahum baghtataw wahum laa yasy'uruun.

54. Wong-wong mau padha nyuwun marang sira Muhammad, supaya enggal tumurune siksa, lan satemene Neraka Jahanam iku nglimputi wong-wong kafir.

٥٤- يَسْتَعْجِلُوْنَكَ بِالْعَذَابِ ۗ وَاِنَّ جَهَنَّمَ لَمُحِيْطَةٌ ۢ بِالْكٰفِرِيْنَ ۝

Yasta'jiluunaka bil 'adzaabi wa inna jahannama lamuhiithatum bil kaafiriin.

55. Ana ing dinaning siksa mau nutupi marang wong-wong iku saka sadhuwure lan saka sangisore sikile, lan Allah ngandika: "Mara rasakna siksane, apa kang wus sira tindakake".

٥٥- يَوْمَ يَغْشٰىهُمُ الْعَذَابُ مِنْ فَوْقِهِمْ وَمِنْ تَحْتِ اَرْجُلِهِمْ وَيَقُوْلُ ذُوْقُوْا مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Yauma yaghsyaahumul 'adzaabu min fauqihim wamin tahti arjulihim wa yaquulu dzuuquu maa kuntum ta'lamuun.

Urip ana ing Akherat iku urip kang sejati.

56. He para kawulanIngsun kang padha iman! Sanyata BuminIngsun iku jembar, mangka sira padha anyembaha marang Ingsun piyambak.

٥٦- يٰعِبَادِىَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنَّ اَرْضِىْ وَاسِعَةٌ فَاِيَّايَ فَاعْبُدُوْنِ ۝

Yaa 'ibaadiyal ladziina aamanuu inna ardhii waasi'atun fa-iyyaaya fa'buduun.

57. Sakabehing awak itu mesthi bakal ngrasakake pati, banjur sira kabeh bakal padha disowanake marang ngarsanIngsun.

٥٧ - كُلُّ نَفْسٍ ذَآئِقَةُ الْمَوْتِ ثُمَّ إِلَيْنَا تُرْجَعُونَ ۝

Kullu nafsin dzaa-iqatil mauti tsumma ilainaa turja'uun.

58. Lan wong-wong kang padha iman sarta laku becik, temen Ingsun manggonake ana ing fila-fila kang dhuwur ing Suwarga, kang ing sangisore ana kaline mili, ana ing kono padha langgeng! Lan iku becik-becik-ing ganjarane wong-wong kang padha tumindak becik.

٥٨ - وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَنُبَوِّئَنَّهُمْ مِنَ الْجَنَّةِ غُرَفًا تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا نِعْمَ أَجْرُ الْعَامِلِينَ ۝

Walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lanubawwi-annahum minal jannati ghurafan tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa, ni'ma ajrul 'aamiliin.

59. Yaiku wong-wong kang padha sabar, lan padha tawakkal marang Pangerane.

٥٩ - الَّذِينَ صَبَرُوا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ۝

Alladziina shabaruu 'alaa rabbihim yatawakkaluun.

Gusti Allah kang namtokake paring rezeki marang sakabehing titah.

60. Lan akeh sato kewan kang gumremet ana ing Bumi kang ora anggawa rezeki, lan ora bisa nyimpen, kaya dene manuk, Allah kang paring rezeki marang sato kewan iku lan samono uga marang sira, lan PanjenengaNe kang Maha Miarsa lan Maha Uninga.

٦٠ - وَكَأَيِّنْ مِنْ دَابَّةٍ لَا تَحْمِلُ رِزْقَهَا اللَّهُ يَرْزُقُهَا وَإِيَّاكُمْ وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Wa ka-ayyim min daabbatil laa tahmilu rizqahallaahu yarzuquhaa wa iyyaakum, wa huwas-samii'ul 'aliim.

61. Lan manawa sira pitakon marang kafir-kafir Mekkah: "Sapa kang nitahake Langit-Langit lan Bumi, lan kang nglakokake Srengenge sarta Rembulan?" Wong-wong mau mesthi bakal mangsuli: "Allah", geneya sira padha mlengos saka nyembah marang Ingsun?"

٦١ - وَلَئِنْ سَأَلْتَهُمْ مَنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ لَيَقُولُنَّ اللَّهُ فَأَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ۝

Wala-in sa-altahum man khalaqas samaawaati wal ardha wa sakhkharasy syamsa wal qamara layaquulun-nallaah, fa-annaa yu'fakuun.

62. Allah kang anjembarake rezeki marang wong kang dadi kaparenging karsaNe saka para kawulaNe, lan PanjenengaNe uga kang ngrupegake rezeki, sanyata Allah iku Maha Nguningani marang kabeh barang.

٦٢ - اللَّهُ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ وَيَقْدِرُ لَهُ إِنَّ اللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ۝

Allaahu yabsuthur rizqa limay yasyaa-u min 'ibaadihii wa yaqdiru lah, innallaaha bikulli syai-in 'aliim.

63. Lan manawa sira pitakon marang kafir-kafir Mekkah: "Sapa kang nurunake banyu saka Langit, nuli nguripake Bumi sawuse matine?" Wong-wong mau mesthi bakal anjawab: "Allah". Dhawuha sira Muhammad: "Kabeh puji kagunganing Allah", ananging akeh-akehe wong-wong iku padha ora mangerti.

٦٣- وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّن نَّزَّلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَحْيَا بِهِ الْأَرْضَ مِن بَعْدِ مَوْتِهَا لَيَقُولُنَّ اللَّهُ قُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ٥

Wala-in sa-altahum man nazzala minas samaa-i maa-an fa-ahyaa bihil ardha mim ba'di mautihaa layaquulun-nallaah, quli hamdulillaah, bal aktsaruhum laa ya'-qiluun.

Ing sajeroning bebaya manungsa ngakoni Kakuwasaning Allah.

64. Lan ora ana liya panguripan Donya iki, kajaba nglalekake lan dedolanan, lan sanyata Negara Akherat iku temen panguripan sejati kang langgeng manawa dheweke iku padha mangerti.

٦٤- وَمَا هَٰذِهِ الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا لَهْوٌ وَلَعِبٌ ۚ وَإِنَّ الدَّارَ الْآخِرَةَ لَهِيَ الْحَيَوَانُ ۚ لَوْ كَانُوا يَعْلَمُونَ ٥

Wamaa haadzihil hayaatud dun-yaa illaa lahwun wa la'bun wa innad daaral aakhirata lahiyal hayawaanu lau kaanuu ya'-lamuun.

65. Lan manawa wong-wong iku wus padha nunggang prahu, banjur padha adhe-dhepe marang Allah sarta padha ngekhlasake kata'atane Agama marang PanjenengaNe, nanging bareng Allah wus nylametake dheweke bisa munggah marang dharatan maneh, dumadakan dheweke padha bali nyakuthokake marang PanjenengaNe.

٦٥- فَإِذَا رَكِبُوا فِي الْفُلْكِ دَعَوُا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ فَلَمَّا نَجَّاهُمْ إِلَى الْبَرِّ إِذَا هُمْ يُشْرِكُونَ ٦٥

Fa-idzaa rakibuu fil fulki da'awullaaha mukhlishiina lahud diina falammaa najjaahum ilal barri idzaa hum yusyrikuun.

66. Sahingga dheweke ngungkiri marang ni'mat kang wus Ingsun paringake marang dheweke, lan sahingga dheweke urip mung seneng-seneng ing sajeroning kafire, yekti dheweke bakal padha sumurup wekasane kabeh laku-lakune.

٦٦- لِيَكْفُرُوا بِمَا آتَيْنَاهُمْ وَلِيَتَمَتَّعُوا ۖ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ٥

Liyakfuruu bimaa aatainaahum wa liyatamatta'uu, fasaufa ya'lamuun.

Gusti Allah nanggung kaamanan ing Tanah Suci.

67. Lan apa wong-wong iku durung mangerti yen sanyata Ingsun wus andamel

٦٧- أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّا جَعَلْنَا حَرَمًا آمِنًا وَيُتَخَطَّفُ النَّاسُ مِنْ

Negara Mekkah Tanah Suci kang dimulyakake lan kang disantosakake, lan wong-wong kang ana ing sakiwa tengene sok patenpinaten lan boyong-binoyong. Apa wong-wong iku padha iman marang barang batal brahala ing mangka wus teka barang bener, lan padha kafir marang ni'mating Allah?

حَوْلِهِمْ ۚ أَفَبِالْبَاطِلِ يُؤْمِنُونَ وَبِنِعْمَةِ اللَّهِ يَكْفُرُونَ ۝

Awalam yarau annaa ja'alnaa haraman aaminan wa yutakhaththafun naasu min haulihim, afabil baathili yu'minuuna wa bini'matihillaahi yakfuruun.

68. Lan sapa wong kang luwih nganiaya tinimbang wong kang gawe goroh marang Allah, utawa anggorohake kabeneran 751) kang wus teka marang dheweke. Apa dudu Jahanam iku panggonan kang disedhiyakake tumrap wong-wong kafir?

٦٨- وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِالْحَقِّ لَمَّا جَاءَهُ ۚ أَلَيْسَ فِي جَهَنَّمَ مَثْوًى لِّلْكَافِرِينَ ۝

Waman azhlamu mimmanif taraa 'alallaahi kadziban au kadzdzaba bil haqqi lammaa jaa-ahuu alaisa fii jahannama matswal lil kaafiriin.

69. Lan wong-wong kang temen-temen anggone angrungkebi AgamanIngsun, yekti dheweke bakal Ingsun tuduhake marang DalanIngsun, lan sanyata Allah iku Angantheni bebarengan karo wong-wong kang padha tumindak becik!

***)

٦٩- وَالَّذِينَ جَاهَدُوا فِينَا لَنَهْدِيَنَّهُمْ سُبُلَنَا ۚ وَإِنَّ اللَّهَ لَمَعَ الْمُحْسِنِينَ ۝ ٤

Walladziina jaahaduu fiinaa lanahdiyannahum subulanaa, wa innallaaha lama'al muhsiniin.

751). Inggih punika Kanabianipun Rasulullah Muhammad s.a.w.

***). Katerangan ingkang wigatos minangka interkorelasi (kalih Surat ingkang sesambetan sarta sababag tandhing) ing antawisipun surat Al 'Ankabuut lan surat Ar Ruum makaten:

1. Surat Al 'Ankabuut anerangaken bab Maha Sawijinipun Allah (tauhid) sarta badhe kadadosanipun dinten Qiyamat (Akherat), dene wonten ing surat Ar Ruum bab Tauhid lan Akherat dipun terangaken sarana bukti-bukti ingkang cocok ing akal fikiran.
2. Ing wiwitanipun surat Al 'Ankabuut anerangaken bab jihaad ingkang minangka teteranipun iman ummat Islam, kadospundi kasabaran lan kaikhlasanipun dharma bakti ing Agami Islam, sabab sampun dados Undhang-Undhang Perjoangan, bilih "Jer basuki mawa beya". Pramila angrungkebi Agami, ambelani sumiyaripun Da'wah Islam ing pundi-pundi papan lan wonten zaman punapa kemawon, punika jihaad ingkang boten sakedhik wragat beyanipun, sarta kados pundi ngrancang konsepsi dhasaripun Da'wah Islam ing zaman modern! Saking ayat-ayat kasebat kita saged methik kangge damel strategis dhasar Da'wah Islam. Dene ayat-ayat ingkang kaweca ing surat Ar Ruum anyampurnaken!

AR RUUM (BANGSA RUMAWI)

Surat kaping 30 : 60 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 17 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Al Insyiqaaq.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Aliif Laam Miim (Hamung Allah pribadi kang Nupiksa maksude).

١ - الٓمّٓ ۝

Alif Laam Miim.

2. Bangsa Rumawi wus dikalahake dening mungsuhe. 752)

٢ - غُلِبَتِ الرُّوْمُ ۝

Ghulibatir ruum.

3. Anggone dikalahake iku cedhak lan tanah Rumawi, lan sawuse kalah, dheweke bakal menang.

٣ - فِيْٓ اَدْنَى الْاَرْضِ وَهُمْ مِّنْۢ بَعْدِ غَلَبِهِمْ سَيَغْلِبُوْنَ ۝

Fii adnal ardhi wahum mim ba'di ghalabihim sayaghlibuun.

752). Bangsa Rumawi Wetan punika ngrasuk Agami Nasrani, ingkang adhedhasar Kerajan lan gesangipun sarana Kitab Suci Injil (kagolong Ahli Kitab Samawy), pusering praja wonten kitha Konstantinopel, dene Bangsa Parsi (Negari Iran sapunika) rumiyin ngrasuk Agami Majusi, ingkang manembah ing latu lan brahala utawi musyrik, ing jamanipun raja Darius wilayahipun dumugi Byzantium (Konstantinopel), Memphis (Mesir), Yerusalem, Babilonia, lan pareden Kaukasus, kapitadosanipun Zarathustsra, inggih punika Dewa Ahura Mazda (kasaenan) lan Dewa Anggromainyu (piala), ing jaman sasampunipun mlebet Islam, tahun 750 Masehi, para pendherek Zarathustsra sami kesah dhateng India, makaten sejarah latar wingkin sosial lan politik ing jaman wiwitanipun Islam. Kalih kerajan punika, Kilen kerajan Byzantium, Wetan kerajan Parsi, ing Tengah Negari Islam. (Rasulullah s.a.w.). Wonten ing Ayat punika katerangaken bilih kekalih kerajan wau nembe perang campuh ing yudha! Tiyang Islam condhong mehak tiyang Nasrani ing Romawi Wetan, tiyang musyrik Mekkah (kafir) sami mehak tiyang Parsi. Ing satunggaling peperangan Rumawi dipun kawonaken dening Parsi, titiyang musyrik Mekkah gembira, nanging titiyang Islam sisah. Ing wusana tumurun wahyu, anerangaken bilih titiyang Romawi badhe menang! Gegebengan tumuruning wahyu punika, sarta pikantuk restu sarta idzinipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. panjenenganipun Sekabat Abu Bakar Ash Shiddiq r.a totohan kalayan tiyang Quraisy, sabakdanipun sawatawis tahun, cocok kalayan ingkang kaweca ing Quraan, Romawi ngawonaken Parsi, Abu Bakar angsal kamenangan totohan wau satus unta! Lelampahan punika ambuktekaken malih, mu'jizat kaagunganipun wahyu saking ngarsa dalem Allah punika leres! Ateges leres bilih Muhammad s.a.w. punika Nabi lan Rasulullah ingkang ngampil Kitab Suci Quraan! Utusanipun Allah ingkang pungkasan dumugi akhir jaman. Makaten suraosing ayat kasebat: 2, 3, 4, 5, 6, 7, lan 8 ing surat Ar Ruum.

4. Ana sawatara tahun suwene. Kagunge ane Allah sekabehing perkara (pitulung lan giliran), sadurunge kalah lan sawuse, lan ana dinane wong Rumawi bisa ngalahake iku, wong-wong Mu'min padha bungah.

٤ - فِي بِضْعِ سِنِينَ ۗ لِلَّهِ الْأَمْرُ مِن قَبْلُ وَمِن بَعْدُ ۚ وَيَوْمَئِذٍ يَفْرَحُ الْمُؤْمِنُونَ ۝

Fii bidh'i siniina lillaahil amru min qablu wamim ba'du wa yauma-idziy yafrahul mu'miniin.

5. Anggone wong-wong Rumawi bisa ngalahake maneh iku, kalawan pitulunge Allah. PanjenengaNe paring pitulung marang wong kang dadi kaparenge lan PanjenengaNe iku Maha Gagah Prakosa, Maha Asih.

٥ - بِنَصْرِ اللَّهِ يَنصُرُ مَن يَشَاءُ ۖ وَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ۝

Binashrillaahi yanshuru may yasyaa-', wa huwal 'aziizur rahiim.

6. Yaiku janjining Allah. Allah ora bakal nyulayani janjiNe,753) nanging akeh-akehe manungsa ora padha mangerti.

٦ - وَعْدَ اللَّهِ ۖ لَا يُخْلِفُ اللَّهُ وَعْدَهُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Wa'dallaah, laa yukhlifullaahu wa'dahuu walaakinna aktsarannaasi laa ya'lamuun.

7. Wong-wong iku mung padha mangerti lahire urusan panguripan Donya, lan perka urusan Akherat padha lali, ora gelem mikirake lan ora sumurup.

٧ - يَعْلَمُونَ ظَاهِرًا مِّنَ الْحَيَاةِ الدُّنْيَا ۖ وَهُمْ عَنِ الْآخِرَةِ هُمْ غَافِلُونَ ۝

Ya'lamuuna zhaahiram minal hayaatid dun-yaa, wahum 'anil aakhirati hum ghaafiluun.

Sapa kang nyulayani (nglawan) marang Nabi Muhammad s.a.w. bakal sengsara, kaya kaum zaman kuna kang padha nyulayani Nabi zaman kuna!

8. Apa wong-wong mau ora mikir-mikir marang awake dhewe? Allah ora nitahake Langit-Langit lan Bumi lan barang kang ana ing antarane, kajaba kalawan haq lan waktune ditamtokake. Lan satemene akeh-akehe manungsa iku padha kafir marang bakal sowan ing ngarsaNe Pangerane.

٨ - أَوَلَمْ يَتَفَكَّرُوا فِي أَنفُسِهِم ۗ مَّا خَلَقَ اللَّهُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا إِلَّا بِالْحَقِّ وَأَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ النَّاسِ بِلِقَاءِ رَبِّهِمْ لَكَافِرُونَ ۝

Awalam yatafakkaruu fii anfusihim, maa khalaqallaahus samaawaati wal ardha wamaa bainahumaa illaa bilhaqqi wa ajalim musammaa, wa inna katsiiram minan naasi biliqaa-i rabbihim lakaafiruun.

753). Kamenangan ingkang dipun sobya-sobya dening ummat Nasrani ing Romawi punika panci sampun dados janjining Allah ingkang badhe kaparingaken ummat ahli Kitab Samawy lan sayektos pinaringan pitulung saged sasab ing yudha!

9. Apa wong-wong mau durung anjajah milang kori ana ing Bumi, banjur mikir kapriye wekasane wong-wong kang luwih kuwat tinimbang dheweke, sarta wus luwih dhisik ngolah Bumi tetanen lan wus luwih dhisik ma'murake saiki sarta wus luwih dhisik karawuhan Utusane kang ngampil katerangan-katerangan kang nyata? Mangka satemene Allah ora karsa nganiaya marang wong-wong iku, nanging dheweke mau kang padha nganiaya awake dhewe.

٩- أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ كَانُوا أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً وَأَثَارُوا الْأَرْضَ وَعَمَرُوهَا أَكْثَرَ مِمَّا عَمَرُوهَا وَجَاءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِالْبَيِّنَاتِ ۖ فَمَا كَانَ اللَّهُ لِيَظْلِمَهُمْ وَلَٰكِن كَانُوا أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ۝

Awalam yasiiruu fil ardhi fayanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul ladziina min qablihim, kaanuu asyadda minhum quwwataw wa atsaarul ardha wa 'amaruhaa aktsara mimmaa 'amaruuhaa wa jaa-at hum rusuluhum bil bayyinaat, famaa kaanallaahu liyuzhlimahum walaakin kaanuu anfusahum yazhlimuun.

10. Banjur piwalese wong-wong kang nindakake laku ala iku, oleh piala uga, jalaran dheweke wus padha anggorohake ing ayat-ayate Allah lan padha anggeguyu.

١٠- ثُمَّ كَانَ عَاقِبَةَ الَّذِينَ أَسَاءُوا السُّوأَىٰ أَن كَذَّبُوا بِآيَاتِ اللَّهِ وَكَانُوا بِهَا يَسْتَهْزِئُونَ ۝

Tsumma kaana 'aaqibatul ladziina asaa-us suu-aa an-kadzdzabuu bi-aayaatillaahi wa kaanuu bihaa yastahzi-uun.

Bukti kabenerane dina ditangekake saka kubur, lan penggolongane wong ing dina Qiyamat iku Mu'min lan kafir.

11. Allah kang miwiti nitahake makhluk, banjur sawuse padha mati, PanjenengaNe nuli nguripake maneh, banjur marang PanjenengaNe sira kabeh bakal padha disowanake.

١١- اللَّهُ يَبْدَأُ الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ ثُمَّ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ۝

Allaahu yabda-ul khalqa tsumma yu-'iiduhuu tsumma ilaihi turja'uun.

12. Lan ana ing dina adeging Qiyamat, pedhot pangarep-arepe wong-wong kang padha dosa saka kabecikan.

١٢- وَيَوْمَ تَقُومُ السَّاعَةُ يُبْلِسُ الْمُجْرِمُونَ ۝

Wa yauma taquumus saa'atu yublisul mujrimuun.

13. Lan brahala-brahala kang padha dianggep sakuthuning Allah, ora bisa aweh pitulung marang dheweke, malah padha mungkir marang sakuthu-sakuthune.

١٣- وَلَمْ يَكُن لَّهُم مِّن شُرَكَائِهِمْ شُفَعَاءُ وَكَانُوا بِشُرَكَائِهِمْ كَافِرِينَ ۝

Walam yakul lahum min syurakaa-ihim syufa'aa-u wa kaanuu bisyurakaa-ihim kaafiriin.

14. Lan ana ing dina kadadeyaning dina Qiyamat, wong-wong iku padha pepisahan, sagolongan mlebu Suwarga lan sagolongan liya nyemplung Neraka.

١٤- وَيَوْمَ تَقُومُ السَّاعَةُ يَوْمَئِذٍ يَتَفَرَّقُونَ ۝

Wa yauma taquumus saa'atu yaumaidziy yatafarraquun.

15. Dene wong-wong kang padha iman, lan nindakake laku becik, mangka wong-wong iku bakal disenengake ana ing patamanan.

١٥- فَأَمَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فَهُمْ فِي رَوْضَةٍ يُحْبَرُونَ ۝

Fa-ammal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati fahum fii raudhatiy yuhbaruun.

16. Dene wong-wong kang kafir lan anggorohake ayat-ayatIngsun sarta ketemu dina Akherat mangka wong-wong iku bakal ditekakake marang sajeroning siksa.

١٦- وَأَمَّا الَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا وَلِقَاءِ الْآخِرَةِ فَأُولَٰئِكَ فِي الْعَذَابِ مُحْضَرُونَ ۝

Wa ammal ladziina kafaruu wa kadzdzabuu bi-aayaatinaa wa liqaa-il aakhirati fa-ulaa-ika fil 'adzaabi muhdharuun.

17. Lan maha nyucekake (shalat) marang Allah ing nalikane sira manjing ing wayah sore lan nalika sira padha manjing ing wayah esuk! 754)

١٧- فَسُبْحَانَ اللَّهِ حِينَ تُمْسُونَ وَحِينَ تُصْبِحُونَ ۝

Fasubhaanallaahi hiina tumsuuna wa hiina tushbihuun.

18. Ahli Langit-Langit lan Bumi padha memuji marang PanjenengaNe. Lan sira padha Shalata ana ing waktu sore, yaiku 'Ashar, lan nalika sira ana ing waktu manjing Dzuhur.

١٨- وَلَهُ الْحَمْدُ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَعَشِيًّا وَحِينَ تُظْهِرُونَ ۝

Wa lahul hamdu fis-samaawaati wal ardhi wa 'asyiyyaw wa hiina tuzhhiruun.

19. PanjenengaNe ngetokake kang urip saka kang mati, lan ngetokake kang mati saka kang urip, lan PanjenengaNe angurip-ake Bumi sawuse matine. Lan hiya kaya mangkono iku sira kabeh bakal diwetokake saka kubur!

١٩- يُخْرِجُ الْحَيَّ مِنَ الْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَيِّ وَيُحْيِي الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ وَكَذَٰلِكَ تُخْرَجُونَ ۝ ع ٢

Yukhrijul hayya minal mayyiti wa yukhrijul mayyita minal hayyi wa yuhyil ardha ba'da mautihaa, wa kadzaalika tukhrajuun.

754). Suraosipun ayat: 17 lan 18 punika anerangaken wekdal-wekdalipun Sholat gangsal wekdal: manjing Sonten utawi Maghrib lan Isya' (dalu), manjing Esuk utawi Subuh, sare utawi 'Ashar, lan Zhuhur.

Bukti-bukti kabenerane Allah SWT kang sumebar ana ing 'Alam Jagad Raya.

20. Lan saka sawenehe ayat tandha yekti kasampurnaning KakuwasaNe Allah, yaiku PanjenengaNe wus nitahake sira kabeh saka lemah, banjur ing waktu iku sira kabeh dadi manungsa kang sumebar anguwasani ana ing salumahing Bumi.

٢٠- وَمِنْ اٰيٰتِهٖٓ اَنْ خَلَقَكُمْ مِّنْ تُرَابٍ ثُمَّ اِذَآ اَنْتُمْ بَشَرٌ تَنْتَشِرُوْنَ ۝

Wamin aayaatihii an khalaqakum min turaabin tsumma idzaa antum basyarun tantasyiruun.

21. Lan saka sawenehe ayat tandha yekti Kasampurnaning KakuwasaNe Allah, yaiku PanjenengaNe wus nitahake tumrap sira kabeh pirang-pirang jodho saka jenis awaki-ira, supaya sira padha tentrem kalawan dhe-weke lan PanjenengaNe andamel kasenengan lan asih ana ing antaranira lanang lan bojone. Sanyata kang mangkono iku temen dadi Ayat tandha yekti tumrap wong kang padha gelem mikir-mikir.

٢١- وَمِنْ اٰيٰتِهٖٓ اَنْ خَلَقَ لَكُمْ مِّنْ اَنْفُسِكُمْ اَزْوَاجًا لِّتَسْكُنُوْٓا اِلَيْهَا وَجَعَلَ بَيْنَكُمْ مَّوَدَّةً وَّرَحْمَةً ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ ۝

Wamin aayaatihii an khalaqa lakum min anfusikum azwaajal litaskunuu ilai-haa wa ja'ala bainakum mawaddataw wa rahmah, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yatafakkaruun.

22. Lan saka sawenehe Ayat tandha yekti Kasampurnaning KakuwasaNe Allah, yaiku tumitahing Langit-Langit lan Bumi, sarta beda-bedaning basanira, lan warnaning kulit-ira. Sanyata kang mangkono iku temen dadi Ayat tanda yekti tumrap kabeh wong kang mangerti.

٢٢- وَمِنْ اٰيٰتِهٖ خَلْقُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَاخْتِلَافُ اَلْسِنَتِكُمْ وَاَلْوَانِكُمْ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّلْعٰلِمِيْنَ ۝

Wamin aayaatihii khalqus samaawaati wal ardhi wakhtilaafu alsinatikum wa alwaanikum, inna fii dzaalika la-aayaatil lil'aalimiin.

23. Lan saka sawenehe Ayat tandha yekti Kasampurnaning KakuwasaNe Allah, yaiku anggonira turu ing waktu bengi kanggo ngaso, sarta sira golek rezeki KanugrahaNe ana ing wayah awan. Sanyata kang mang-kono iku temen dadi Ayat tandha yekti tumrap kaum-kaum kang padha krungu.

٢٣- وَمِنْ اٰيٰتِهٖ مَنَامُكُمْ بِالَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَابْتِغَآؤُكُمْ مِّنْ فَضْلِهٖ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّسْمَعُوْنَ ۝

Wamin aayaatihii manaamukum billaili wannahaari wabtighaa-ukum min fadhlih inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yasma'uun.

24. Lan saka sawenehe Ayat tandha yekti Kasampurnaning KakuwasaNe Allah, yaiku PanjenengaNe nuduhake kilat marang sira kabeh kalawan nuwuhake kekharatiran lan pangarep-arep, lan PanjenengaNe nurunake banyu saka Langit, PanjenengaNe nuli nguripake Bumi sawuse matine. Sanyata

٢٤- وَمِنْ اٰيٰتِهٖ يُرِيْكُمُ الْبَرْقَ خَوْفًا وَّطَمَعًا وَّيُنَزِّلُ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً فَيُحْيٖ بِهِ الْاَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ۝

kang mangkono mau temen dadi ayat tandha yekti tumrap kaum-kaum kang anduweni 'akal.

Wamin aayaatihii yuriikumul barqa khaufaw wa thama'aw wa yunazzilu minas samaa-i maa-an fayuhyii bihil ardha ba'da mautihaa, inna fii dzaalika laaayaatil liqaumiy ya'qiluun.

25. Lan saka sawenehe Ayat tandha yekti Kasampurnaning KakuwasaNe Allah, yaiku adeging Langit lan gumelaring Bumi, kalawan dhawuhe, banjur manawa Panjenengane nimbali sira kabeh, sapisan bae saka Bumi, ing sanalika iku uga sira kabeh padha metu tangi urip maneh saka kubur!

٢٥- وَمِنْ اٰيٰتِهٖٓ اَنْ تَقُوْمَ السَّمَآءُ وَالْاَرْضُ بِاَمْرِهٖ ۗ ثُمَّ اِذَا دَعَاكُمْ دَعْوَةً ۖ مِّنَ الْاَرْضِ ۖ اِذَآ اَنْتُمْ تَخْرُجُوْنَ ۝

Wamin aayaatihii an taquumas samaa-u wal-ardhu bi-amrih, tsumma idzaa da'aa kum da'watam minal ardhi idzaa antum takhrujuun.

26. Lan mung KagungaNe Allah piyambak sakabehing kang kumelip ana ing Langit-Langit lan Bumi, kabeh padha tundhuk marang PanjenengaNe.

٢٦- وَلَهٗ مَنْ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ كُلٌّ لَّهٗ قٰنِتُوْنَ ۝

Walahuu man fissamaawaati wal ardh, kullul lahuu qaanituun.

27. Lan PanjenengaNe kang miwiti nitahake makhluk banjur ambalekake nguripake maneh, iku luwih gampang mungguhing Allah. Lan PanjenengaNe Kagungan sifat kang luwih luhur ana ing Langit lan Bumi. Lan PanjenengaNe iku Maha Gagah Prakosa, Maha Wicaksana.

٢٧- وَهُوَ الَّذِىْ يَبْدَؤُا الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيْدُهٗ وَهُوَ اَهْوَنُ عَلَيْهِ ۗ وَلَهُ الْمَثَلُ الْاَعْلٰى فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

Wa huwal ladzii yabda-ul khalqa tsumma yu'iiduhuu wahuwa ahwanu 'alaihi wa lahul matsalul a'laa fissamaawaati wal ardh, wa huwal 'aziizul hakiim.

Sawijining sanepa kang ana ing dumadine manungsa ambuktekake Gusti Allah iku Sawiji.

28. PanjenengaNe andamel upama tumrap sira saka jenis awakira, yaiku: Apa sira seneng anduweni sakuthu-sakuthu saka sawenehe batur tukon lanang-lan wadon, ana ing bandha utawa barang kang wus Ingsun rezekekake marang sira, banjur sira lan wong mau padha sekuthon ana ing bandha mau? Ing mangka sira kuwatir marang batur tukon lanang lan wadon mau melu campur nglakokake bandha mau, kaya anggonira kuwatir marang sapepadhanira kang mardika. Lan kaya mangkono Ingsun nerangake Ayat-Ayat tumrap wong kang anduweni 'akal.

٢٨- ضَرَبَ لَكُمْ مَّثَلًا مِّنْ اَنْفُسِكُمْ ۗ هَلْ لَّكُمْ مِّنْ مَّا مَلَكَتْ اَيْمَانُكُمْ مِّنْ شُرَكَآءَ فِىْ مَا رَزَقْنٰكُمْ فَاَنْتُمْ فِيْهِ سَوَآءٌ تَخَافُوْنَهُمْ كَخِيْفَتِكُمْ اَنْفُسَكُمْ ۗ كَذٰلِكَ نُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ۝

Dharaba lakum matsalam min anfusikum hal lakum mim maa malakat aimaanukum min syurakaa-a fii maa razaqnaakum fa-antum fiihi sawaa-un takhaafuu nahum kakhiifatikum anfusakum, kadzaalika nufashshilul aayaati liqaumiy ya'qiluun.

29. Sanyata wong-wong kang musyrik padha manut hawa nafsune ora kalawan pangertian. Ora ana kang bisa nuduhake marang wong kang disasarake dening Allah, lan marang dheweke padha ora ana kang bisa mitulungi.

٢٩- بَلِ اتَّبَعَ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْٓا اَهْوَآءَهُمْ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۚ فَمَنْ يَّهْدِيْ مَنْ اَضَلَّ اللّٰهُ ۗ وَمَا لَهُمْ مِّنْ نّٰصِرِيْنَ ۝

Balit taba'al ladziina zhalamuu ahwaa-a hum bighairi 'ilm, famay yahdii man adhallallaah, wamaa lahum min naa-shiriin.

Miturut fitrahe manungsa iku Agamane Tauhid (iman yen Gusti Allah iku Sawiji).

30. Sira Muhammad madhepna wajahira marang Agamane Allah kalawan ikhlas, fitrahe Allah 755) kang PanjenengaNe wus andamel para manungsa iku ora bakal ganti maneh pranatane Allah tumrap titahe. Kang mangkono iku Agama kang bener, ananging akeh-akehe manungsa ora padha mangerti.

٣٠- فَاَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّيْنِ حَنِيْفًا ۗ فِطْرَتَ اللّٰهِ الَّتِيْ فَطَرَ النَّاسَ عَلَيْهَا ۗ لَا تَبْدِيْلَ لِخَلْقِ اللّٰهِ ۗ ذٰلِكَ الدِّيْنُ الْقَيِّمُ ۙ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Fa-aqim wajhaka liddiini haniifaa, fithra-tallaahil latii fatharannaasa 'alaihaa, laa tabdiila likhalqi' laah, dzaalikad diinul qayyim, walaakinna aktsaran naasi laa ya'lamuun.

31. Sarana bali dhedhepe tobat marang PanjenengaNe, lan tawakkal ing PanjenengaNe sarta nindakake Shalat, lan aja dadi golongane wong kang padha musyrik.

٣١- مُنِيْبِيْنَ اِلَيْهِ وَاتَّقُوْهُ وَاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَلَا تَكُوْنُوْا مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۝

Muniibiina ilaihi wattaquuhu wa aqii-mush shalaata walaa takuunuu minal musyrikiin.

32. (Kang ora Agama Tauhid) yaiku saka golongaNe wong-wong kang padha ambedak-bedakake ana ing Agamane manut hawa nafsune, sarta dheweke padha pepisahan dadi pirang-pirang golongan, saben-saben golongan padha marem marang Agamane dhewe-dhewe.

٣٢- مِنَ الَّذِيْنَ فَرَّقُوْا دِيْنَهُمْ وَكَانُوْا شِيَعًا ۗ كُلُّ حِزْبٍ بِمَا لَدَيْهِمْ فَرِحُوْنَ ۝

Minal ladziina farraquu diinahum wa kaanuu syiya'aa, kullu khizbim bimaa ladaihim farihuun.

755). Fitrah Allah, ingkang kakersakake Allah nyipta manungsa punika sampun naluri (instinctive) ngagama tauhid (nyawijekaken lan bekti dhedhepe ing Allah piyambak). Dene manawi wonten manungsa boten ngagami tauhid punika nama boten limrah utawi boten angetrepi tumitaning titah wonten ngalam Donya, lantaran punapa? Jalaran pengaruh hawa nafsu lan faktor wewengkon.

Sifat-sifate manungsa kang cinacad.

33. Lan manawa manungsa iku kataman kasusahan, dheweke banjur padha nyenyuwun marang Pangeran kalawan padha dhedhepe ing PanjenengaNe, nuli manawa PanjenengaNe wus paring rahmat marang dheweke, dumadakan sagolongan saka wong-wong mau padha nyakuthokake marang Pangerane.

٣٣- وَإِذَا مَسَّ النَّاسَ ضُرٌّ دَعَوْا رَبَّهُمْ مُّنِيبِينَ إِلَيْهِ ثُمَّ إِذَا أَذَاقَهُم مِّنْهُ رَحْمَةً إِذَا فَرِيقٌ مِّنْهُم بِرَبِّهِمْ يُشْرِكُونَ ۝

Wa-idzaa massan naasa dhurrun da'au rabbahum muniibiina ilaihi tsumma idzaa adzaaqahum minhu rahmatan idzaa fariiqum minhum birabbihim yusyrikuun.

34. Sahengga dheweke ngingkari marang rahmat kang wus Ingsun paringake tumrap dheweke, mara sira padha seneng-senenga ana ing kakafiran iku, ing mengko sira bakal mangerti akibate tumindakira.

٣٤- لِيَكْفُرُوا بِمَا آتَيْنَاهُمْ فَتَمَتَّعُوا فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ۝

Liyakfuruu bimaa aatainaahum, fatamatta'uu, fasaufa ta'lamuun.

35. Utawa apa Ingsun wus tau nurunake katerangan marang wong-wong iku, kang kena dipaham manawa nyakuthokake (musyrik) ing Allah iku kena ? 756)

٣٥- أَمْ أَنزَلْنَا عَلَيْهِمْ سُلْطَانًا فَهُوَ يَتَكَلَّمُ بِمَا كَانُوا بِهِ يُشْرِكُونَ ۝

Am anzalnaa 'alaihim sulthaanan fahuwa yatakallamu bimaa kaanuu bihii yusyrikuun.

36. Lan manawa Ingsun paring rahmat marang manungsa, dheweke padha bungah-bungah kalawan rahmat mau, dene manawa kataman bebaya kang nyusahake kagawa saka barang kang ditindakake dening tangan-tangane, dumadakan dheweke padha pedhot pangarep-arepe saka rahmating Allah.

٣٦- وَإِذَا أَذَقْنَا النَّاسَ رَحْمَةً فَرِحُوا بِهَا وَإِن تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ إِذَا هُمْ يَقْنَطُونَ ۝

Wa-idzaa adzaqnan naasa rahmatan farihuu bihaa, wa-in tushibhum sayyi-atum bimaa qaddamat aidiihim idzaa hum yaqnathuun.

37. Apa wong-wong mau durung sumurup yen sanyata Allah kang anjembarake rezeki lan ngrupegake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe? Sanyata kang mangkono mau temen dadi tandha yekti tumrap kaum kang padha iman. 757)

٣٧- أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّ اللَّهَ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَن يَشَاءُ وَيَقْدِرُ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ۝

---

756). Boten kenging babar pindhah, sabab musyrik punika dosa ingkang boten saged dipun apunten dening Allah.

757). Saestunipun manawi manungsa punika kersa tepa selira menggalih adhedhasar sosiologis, bilih bebrayaning manungsa punika sami dene sumendhe lan sami-sami ambetahaken biyantu satunggal dhumateng sanesipun. Hikmahipun ingkang dumados dening takdiring Pangeran, wonten ingkang pinaringan jembar rezeki, wonten ingkang nembe kasrakatan rezekinipun, punika sampun fitrah Allah lan dados Sunnatullah utawi prenatan 'alami ingkang ajeg ubenging nasib ing cakra panggilingan, gilir gumantos mutlak wonten astaning Allah SWT. Bageaning manungsa wajib ikhtiyar sarana 'akal budidaya, jiwa lan raga kita tohaken, insya Allah, Gusti Allah ingkang Maha Adil, Maha 'Asih, badhe maringaken margi leres lan gampil. Wosipun manungsa ngupaya, Allah ingkang namtokaken!

Awalam yarau annallaaha yabshuthur rizqa limay yasyaa-u wa yaqdir, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yu'minuun.

38. Muhammad, sira menehana apa mesthine marang sanak sadulurira, marang wong miskin lan marang wong kang pinuju lelungan kaentekan sangu, kang mangkono iku luwih becik tumrap wong-wong kang ngarep-arep karidhane Allah, lan wong-wong mau kang padha begja.

٣٨- فَاٰتِ ذَا الْقُرْبٰى حَقَّهٗ وَالْمِسْكِيْنَ وَابْنَ السَّبِيْلِ ۗ ذٰلِكَ خَيْرٌ لِّلَّذِيْنَ يُرِيْدُوْنَ وَجْهَ اللّٰهِ ۖ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

Fa-aati dzalqurbaa haqqahuu wal miskiina wabnas sabiil, dzaalika khairul lilladziina yuriiduuna wajhallaahi wa ulaa-ika humul muflihuun.

39. Lan bandha riba[758] kang sira wenehake kang perlune supaya nambah akehe bandhanira kalawan bandhane manungsa, temen bandha mau ora nambah mungghuing Allah. Ananging Zakat kang sira wetokake amrih karidhaning Allah, mangka wong-wong mau kang padha begja.

٣٩- وَمَآ اٰتَيْتُمْ مِّنْ رِّبًا لِّيَرْبُوَا۟ فِيْٓ اَمْوَالِ النَّاسِ فَلَا يَرْبُوْا عِنْدَ اللّٰهِ ۚ وَمَآ اٰتَيْتُمْ مِّنْ زَكٰوةٍ تُرِيْدُوْنَ وَجْهَ اللّٰهِ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُضْعِفُوْنَ ۝

Wamaa aataitum mirribal liyarbuu fii amwaalinnaasi falaa yarbuu 'indallaah, wamaa aataitum min zakaatin turiiduuna wajhallaahi fa-ulaa-ika humul mudh'ifuun.

40. Allah kang nyipta ing sira banjur paring rezeki, PanjenengaNe banjur mateni ing sira, banjur nguripake sira maneh. Apa ana antarane sakuthu-sakuthu sesembahanira kang bisa gawe sawiji barang (kahanan) kaya mangkono iku? Maha Suci Allah lan Maha Luhur saka brahala kang padha disakuthokake.

٤٠- اَللّٰهُ الَّذِيْ خَلَقَكُمْ ثُمَّ رَزَقَكُمْ ثُمَّ يُمِيْتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيْكُمْ ۗ هَلْ مِنْ شُرَكَآئِكُمْ مَّنْ يَّفْعَلُ مِنْ ذٰلِكُمْ مِّنْ شَيْءٍ ۗ سُبْحٰنَهٗ وَتَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ۝

Allaahul ladzii khalaqakum tsumma razaqakum tsumma yumiitukum tsumma yuhyiikum, hal min syurakaa-ikum may yaf'alu min dzaalikum min syaii', subhaanahuu wata'aalaa 'ammaa yusyrikuun

Apa pituwase tumindak becik lan ala?

41. Wus nyata lahir karusakan ana ing Dharatan lan ana ing Lautan kagawa saka

٤١- ظَهَرَ الْفَسَادُ فِى الْبَرِّ وَالْبَحْرِ بِمَا كَسَبَتْ اَيْدِى

758). Riba maksudipun tambahan, utawi satunggaling hadiyah, paweweh sapiturutipun. Dados maksuding Ayat punika anerangaken bilih satunggaling hadiyah ingkang kacaosaken tiyang sanes supados tambah-tambah kauntungan (kasugihan), punika boten pikantuk ganjaran menggahing Allah; dene ingkang kacaosaken ing ngasanes minangka Zakat utawi Sedhekah punika badhe nampi lelintu ganjaran ingkang matikel-tikel saking ngarsaning Allah ingkang Maha Sugih, tur Maha Asih. Makaten suraosing Ayat: 39 - 40 kasebat, wallaahu a'lam bissawab! (Amung Allah piyambak ingkang Ngawuningani saleresipun!).

النَّاسِ لِيُذِيقَهُمْ بَعْضَ الَّذِي عَمِلُوا لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ۝

barang (kahanan) kang padha ditindakake dening tangan-tanganing manungsa, jalaran Allah karsa ngicipake marang wong-wong mau sawenehe siksa sabab dosa kang wus padha ditindakake, muga-muga wong-wong mau padha bali menyang dalan kang bener.

Zhaharal fasaadu fil barri wal bahri bimaa kasabat aidinnaasi liyudziiqahum ba'dhal ladzii 'amiluu la'allahum yarji'uun.

٤٢. قُلْ سِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانْظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِنْ قَبْلُ كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُشْرِكِينَ ۝

42. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha lumakua ana ing Bumi, nuli andelenga kapriye wekasane wong-wong jaman biyen kang akeh-akehe padha musyrik?

Qul siiruu fil ardhi fanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul ladziina min qabl, kaana aktsaruhum musyrikuun..

٤٣. فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ الْقَيِّمِ مِنْ قَبْلِ أَنْ يَأْتِيَ يَوْمٌ لَا مَرَدَّ لَهُ مِنَ اللَّهِ يَوْمَئِذٍ يَصَّدَّعُونَ ۝

43. Banjur sira Muhammad, ngadhepna wajahira marang Agama kang haq, kalawan Islam, sadurunge teka dina Qiyamat kang wus ora kena katolak maneh saka ngarsaning Allah. Ana ing dina iku wong-wong mau padha pepisahan, ana kang mlebu Suwarga lan ana kang nyemplung Neraka.

Fa-aqim wajhaka liddiinil qayyimi min qabli ay-ya'tiya yauniul laa maradda lahuu minallaahi yauma-idziy yashshaddа'uun.

٤٤. مَنْ كَفَرَ فَعَلَيْهِ كُفْرُهُ وَمَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِأَنْفُسِهِمْ يَمْهَدُونَ ۝

44. Sapa kang kafir, mangka kakafirane mau dadi tanggungane awake dhewe, lan sapa kang nindakake laku becik, temen manfa'at tumrap awake dhewe, yaiku bakal nyadhiakake ganjaran ing Suwarga.

Man kafara fa'alaihi kufruh, waman 'amila shaalihan fali-anfusihim yamhaduun.

٤٥. لِيَجْزِيَ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ مِنْ فَضْلِهِ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الْكَافِرِينَ ۝

45. Jalaran PanjenengaNe Allah karsa angganjar wong-wong kang padha iman lan nindakake laku becik saka kanugrahaNe. Sanyata PanjenengaNe iku ora rena marang wong kang padha kafir.

Liyajziyal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati min fadhlihii innahuu laa yuhibbul kaafiriin.

Nyatitekake 'Alam nambahi kayakinan marang Allah SWT.

٤٦. وَمِنْ آيَاتِهِ أَنْ يُرْسِلَ الرِّيَاحَ مُبَشِّرَاتٍ وَلِيُذِيقَكُمْ

46. Lan sawenehe tandha yekti KakuwasaNe Allah, PanjenengaNe ngutus angin

kang nyenengake,759) lan PanjenengaNe karsa paring rahmat sira kabeh, lan supaya prahu lumaku kalawan dhawuhe lan supaya sira kabeh ngupaya kanugrahaNe, lan muga-muga sira kabeh padha syukur.760)

مِّن رَّحْمَتِهِۦ وَلِتَجْرِيَ ٱلْفُلْكُ بِأَمْرِهِۦ وَلِتَبْتَغُوا۟ مِن فَضْلِهِۦ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ۝

Wamin aayaatihii ay-yursilar riyaaha mubasysyiraatiw wa liyudziiqakum mir rahmatihii wa litajriyal fulku bi-amrihii walitabtaghuu min fadhlihii wa la'allakum tasykuruun.

47. Lan temen Ingsun wus ngutus para Utusan sadurungira Muhammad marang kaum-kaume. Para Utusan iku nuli rawuh marang wong-wong mau kalawan ngampil katerangan kang nyata.761) Ingsun nuli nyiksa marang wong kang padha tumindak dosa. Lan temen Ingsun mesthi nulungi wong kang padha Mu'min.

٤٧ - وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ رُسُلًا إِلَىٰ قَوْمِهِمْ فَجَآءُوهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَٱنتَقَمْنَا مِنَ ٱلَّذِينَ أَجْرَمُوا۟ ۖ وَكَانَ حَقًّا عَلَيْنَا نَصْرُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۝

Walaqad arsalnaa min qablika rusulan ilaa qaumihim fajaa-uuhum bil bayyinaati fantaqamnaa minal ladziina ajramuu, wa kaana haqqan 'alainaa nashrul mu'miniin.

48. Allah kang ngutus angin, banjur ngobahake mega, PanjenengaNe banjur anjereng mega mau ana ing Langit miturut kang dadi kaparenging karsaNe. Lan PanjenengaNe andamel mega mau pisah-pisah, sira

٤٨ - ٱللَّهُ ٱلَّذِى يُرْسِلُ ٱلرِّيَٰحَ فَتُثِيرُ سَحَابًا فَيَبْسُطُهُۥ فِى ٱلسَّمَآءِ كَيْفَ يَشَآءُ وَيَجْعَلُهُۥ كِسَفًا فَتَرَى ٱلْوَدْقَ

759). Inggih punika angin ingkang anggiring nglempakaken mendhung ing wusana lajeng jawah. Jawah punika minangka paring rahmating Allah kalayan tuwuh lan semining tetuwuhan, ing sabin, pakebonan, sarta pangenan paternakan raja kaya (ranch). Inggih jawah punika ingkang nyebabaken wontening bengawan, telaga lan tuban ingkang dados sumber kakiyataning 'alam-ipun hydrology kangge tenaga energi listrik lan irigasi, sarta dados papan endah kagem pariwisata lan sanes-sanesipun.

760). Dhawuhing Allah dhumateng angin nyebabaken mlampahing baita layar punika rahmat lan izining Pangeran ingkang Murbeng Jagad, makaten ugi paring 'akaling manungsa, lajeng saged damel mesin-mesin baita, kangge lelayaran komoditi sarta industri antar Negari, sarta damel baita pesiar lan baita olah raga, makaten ugi baita perang sapiturutipun. Punika sadaya manungsa wajib suka syukur ing Allah ngathah-ngathahaken damel kaadilan sosial ing sasami-sami, saekapraya ing babagan ekonomi, kabudayan sarta nyantosakaken Da'wah Agami, supaya ngagesangan taqwa saged nyata wujud, ngrembaka saindhenging Jagad Raya.

Allah SWT anitahaken angin sanget ageng pigunanipun, kados kateranganipun Dr.Ir. Harijono Djojodihardjo, Kepala Pusat Teknologi Dirgantara Lembaga Penerangan lan Antariksa Nasional, wonten sangajenging musyawarah 100 ahli dirgantara, ing Bandung-Indonesia, bilih energi angin sampun ewon tahun sacara tradisional dipun manfa'ataken baita layar lan kipas kincir angin. Sedasa tahun kapengker, ing Indonesia sampun ngrembakakaken teknologi konversi energi angin sawatawis tambah majeng, inggih punika saged kangge nuwuhaken tenaga listrik, petanen, pompa toya lan sanes-sanesipun. Ugi ing Negari Thailand kanca tani ing pesisiran angginakaken kincir angin kangge tambak-tambak damel sarem ageng-agengan. Salajengipun Dr. Harijono anerangaken bilih kamempengan panelitian lan teknologi konversi energi angin ing antawisipun kawiwitan ing Institut Teknologi Bandung, Indonesia. (K.R. tanggal 17 Mulud 1911).

761). Jejer lan kuwajiban pokok para Andika Rasul punika ngampil sesuluh lan tuntunan Syari'at Agami (Pernatan ingkang damel wilujenging Masyarakat adhedhasar Wahyu ILahy). Panampining manungsa warni kalih, wonten ingkang iman lan ibadah sarta amal shalih, wonten ugi ingkang maiben, ngiwi-iwi lan njarak maksiyatan sarta damel karisakan, ing wusana nuwuhaken gejolak lan gendraning masyarakat ing Donya, inggih punika siksaning Allah dhumateng ingkang sami lampah begasakan lan dosa, langkung-langkung siksa ing Akherat benjing tambah awrat tur langgeng. Makaten menggah suraosing ayat: 44 - 49 ing kasebat.

banjur sumurup udan metu saka sela-selane. Banjur manawa PanjenengaNe nibakake udan mau marang kang dadi kaparenging karsaNe saka para kawulaNe, dumadakan wong-wong mau padha bungah-bungah.

يَخْرُجُ مِنْ خِلٰلِهٖ ۚ فَاِذَآ اَصَابَ بِهٖ مَنْ يَّشَآءُ مِنْ عِبَادِهٖٓ اِذَا هُمْ يَسْتَبْشِرُوْنَ ۝

Allaahul ladzii yursilur riyaaha fatutsiiru sahaaban fayabsuthuhuu fissamaa-i kaifa yasyaa-u wa yaj'aluhuu kisafan fataral wadqa yakhruju min khilaalih, fa-idzaa ashaaba bihii may yasyaa-u min 'ibaadihii idzaa hum yastabsyiruun.

49. Ing mangka wong-wong mau ing sadurunge udan diturunake, dheweke padha nglokro.

٤٩ - وَاِنْ كَانُوْا مِنْ قَبْلِ اَنْ يُّنَزَّلَ عَلَيْهِمْ مِّنْ قَبْلِهٖ لَمُبْلِسِيْنَ ۝

Wa-in kaanuu min qabli ay-yunazzala 'alaihim min qablihii lamublisiin.

Akeh bukti kakuwasaNe Allah SWT nguripake wong-wong mati, lan kahanane para manungsa besuk ing dina Qiyamat.

50. Lan sira padha nyatitekna tilas-tilas rahmating Allah, kapriye PanjenengaNe nguripake Bumi sawuse matine. Sanyata Pangeran kang kuwasa nguripake Bumi iku, kuwasa nguripake wong-wong kang wus padha mati. Lan PanjenengaNe iku kuwasa ing ngatase kabeh barang.

٥٠ - فَانْظُرْ اِلٰٓى اٰثٰرِ رَحْمَتِ اللّٰهِ كَيْفَ يُحْيِ الْاَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۭ اِنَّ ذٰلِكَ لَمُحْيِ الْمَوْتٰى ۡ وَهُوَ عَلٰي كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Fanzhur ilaa aatsaari rahmatillaahi kaifa yuhyil ardha ba'da mautihaa, inna dzaalika lamuhyil mautaa, wa huwa 'alaa kulli syai-in qadiir.

51. Lan manawa Ingsun ngutus angin, kang panas utawa kang adhem tumrap tetanduran, banjur wong-wong iku sumurup tetandurane dadi kuning (garing), temen sawuse sumurup mangkono iku dheweke banjur padha mungkiri ing kani'matane Allah.

٥١ - وَلَىِٕنْ اَرْسَلْنَا رِيْحًا فَرَاَوْهُ مُصْفَرًّا لَّظَلُّوْا مِنْۢ بَعْدِهٖ يَكْفُرُوْنَ ۝

Wala-in arsalnaa riihan fara-auhu mushfarral lazhalluu mim ba'dihii yakfuruun.

52. Mangka satemene sira Muhammad, ora kuwasa aweh pangrungu marang wong-wong kang mati, lan ora kuwasa andadekake wong-wong budheg bisa ngrungokake pangajak, manawa wong-wong mau padha malengos ngungkurake. 762)

٥٢ - فَاِنَّكَ لَا تُسْمِعُ الْمَوْتٰى وَلَا تُسْمِعُ الصُّمَّ الدُّعَاۗءَ اِذَا وَلَّوْا مُدْبِرِيْنَ ۝

Fa-innaka laa tusmi'ul mautaa walaa tusmi'ush shummad du'aa-a idzaa wallau mudbiriin.

762). **Gusti Allah nyamekakeı. ıiyang kafir kados tiyang pejah utawi tiyang budheg; tegesipun boten saged mireng piwucal sae, inggih punika Agami ingkang dipun Dakwahaken para Andika Rasul, utawi para Muballigh ing zaman modern sarana Radio, TV lan pementasan fragmen, sarta nama kapitunan ageng Da'wah Islamiyah ingkang sampun dipun damel mayar lan ngremenaken punika boten angsal tanggap sasmita! Makaten suraosing ayat 50 - 54, wallaahu a'lam.**

٥٣ - وَمَآ أَنتَ بِهَٰدِ ٱلْعُمْىِ عَن ضَلَٰلَتِهِمْ ۖ إِن تُسْمِعُ إِلَّا مَن يُؤْمِنُ بِـَٔايَٰتِنَا فَهُم مُّسْلِمُونَ ۝

53. Lan sira Muhammad, dudu kang kuwasa aweh pituduh marang wong-wong kang wuta (atine) saka kasasare, ora liya sira bisa aweh pangrungu iku kajaba marang wong kang padha iman ing ayat-ayatIngsun, lan wong-wong iku padha sumarah marang Allah.

Wamaa anta bihaadil 'umyi 'an dhalaalatihim, in tusmi'u illaa may yu'minu bi-aayaatinaa fahum muslimuun.

٥٤ - ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَكُم مِّن ضَعْفٍ ثُمَّ جَعَلَ مِنۢ بَعْدِ ضَعْفٍ قُوَّةً ثُمَّ جَعَلَ مِنۢ بَعْدِ قُوَّةٍ ضَعْفًا وَشَيْبَةً ۚ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ ۖ وَهُوَ ٱلْعَلِيمُ ٱلْقَدِيرُ ۝

54. Allah, hiya PanjenengaNe kang anitahake sira kabeh saka barang kang apes (mani), nuli sawuse apes iku PanjenengaNe andamel kuwat, banjur sawuse kuwat iku PanjenengaNe andamel apes maneh lan pikun. PanjenengaNe nitahake barang kang dadi kaparenging karsaNe, lan PanjenengaNe iku Maha Uninga, Maha Kuwasa.

Allaahul ladzii khalaqakum min dhu'fin tsumma ja'ala mim ba'di dhu'fin quwwatan tsumma ja'ala mim ba'di quwwatin dhu'faw wa syaibah, yakhluqu maa yasyaa-u wa huwal 'aliimul qadiir.

٥٥ - وَيَوْمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ يُقْسِمُ ٱلْمُجْرِمُونَ مَا لَبِثُوا۟ غَيْرَ سَاعَةٍ ۚ كَذَٰلِكَ كَانُوا۟ يُؤْفَكُونَ ۝

55. Lan ana ing dina Qiyamat, wong-wong kang dosa padha sumpah, yen dheweke ora padha manggon ana ing Donya kajaba mung saejam. Kaya mangkono wong-wong mau padha diengokake saka haq.

Wa yauma taquumus saa'atu yuqsimul mujrimuuna maa labitsuu ghaira saa'ah, kadzaalika kaanuu yu'fakuun.

٥٦ - وَقَالَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ وَٱلْإِيمَٰنَ لَقَدْ لَبِثْتُمْ فِى كِتَٰبِ ٱللَّهِ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْبَعْثِ ۖ فَهَٰذَا يَوْمُ ٱلْبَعْثِ وَلَٰكِنَّكُمْ كُنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ۝

56. Lan wong-wong kang diparingi ilmu lan iman padha ngucap: "Temen sira kabeh manggon ana ing Donya (ana kuburan) iku miturut katetepaNe Allah (ana kitabe) sahingga dina ditangekake saka kuburan (Qiyamat), lah hiya dina iki dina Qiyamat, ananging sira ora padha mangerti!

Wa qaalal ladziina uutul 'ilma wal iimaana laqad labitstum fii kitaabillaahi ilaa yaumil ba'tsi fahaadzaa yaumul ba'tsi walaakinnakum kuntum laa ta'lamuun.

٥٧ - فَيَوْمَئِذٍ لَّا يَنفَعُ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ مَعْذِرَتُهُمْ وَلَا هُمْ يُسْتَعْتَبُونَ ۝

57. Mangka ing dina iku, wus ora maedahi maneh wong-wong kang padha nganiaya nga turake 'udzure, lan dheweke ora oleh kalonggaran kanggo tobat maneh!

Fayauma-idzil laa yanfa'ul ladziina zhalamuu ma'dziratuhum walaa hum yusta'tabuun.

Padha memikira tamsil ibarat (sanepan) ing Quraan.

58. Lan temen Ingsun wus andamel sakabehing sanepan marang para manungsa ana ing Quraan iki, lan temen manawa sira Muhammad nekakake sawijining Ayat marang wong-wong mau, dheweke kang padha kafir ngucap: "Boten sanes panjenengan sadaya para Rasul punika, kajawi sami damel palsu tur lepat".

٥٨- وَلَقَدْ ضَرَبْنَا لِلنَّاسِ فِي هٰذَا الْقُرْاٰنِ مِنْ كُلِّ مَثَلٍ وَلَئِنْ جِئْتَهُمْ بِاٰيَةٍ لَيَقُوْلَنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اِنْ اَنْتُمْ اِلَّا مُبْطِلُوْنَ ٥

Walaqad dharabnaa linnaasi fii haadzal qur-aani min kulli matsal, wala-in ji'tahum bi-aayatil liyaquulannal ladziina kafaruu in antum illaa mubthiluun.

59. Kaya mangkono Allah nutup ati-atine wong-wong kang ora padha ngerti".

٥٩- كَذٰلِكَ يَطْبَعُ اللّٰهُ عَلٰى قُلُوْبِ الَّذِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ ٥

Kadzaalika yathba'ullaahu 'alaa quluubil ladziina laa ya'lamuun.

60. Sira Muhammad disabar! jalaran sanyata janjiNe Allah iku bener, lan aja pisan-pisan wong-wong kang ora padha yakin iku mamangake ing sira.
***).

٦٠- فَاصْبِرْ اِنَّ وَعْدَ اللّٰهِ حَقٌّ وَّلَا يَسْتَخِفَّنَّكَ الَّذِيْنَ لَا يُوْقِنُوْنَ ٥

Fashbir inna wa'dallaahi haqquw walaa yastakhiffannnakal ladziina laa yuuqinuun.

***). **Panutuping katerangan ingkang wigatos interkorelasi (sesambetan ingkang sababag tandhing) ing antawisipun surat Ar Ruum kalayan surat Luqman, ing antawisipun makaten:**

1. Wonten ing surat Ar Ruum, Gusti Allah anerangaken bilih manungsa punika tetep manungsa, inggih punika, manawi kalegan angsal rezeki kathah malah tumindak musyrik; nenuwun dhumateng kuburan lan tosan sarta kayu aji ingkang kaanggep malati tambah nyrempeng, ngantos kesupen anak simah! Nanging manawi kasrakat gesangipun, lajeng sumarah ing Allah. Dene ingkang leres jangkep lan bares, punika manawi kasrakatan lajeng ikhtiyar sakiyat-kiyatipun lan sumarah ing Allah, lan benjing manawi hasil ucul saking bebaya utawi angsal kalenggahan inggil, kedah syukur ing Allah, inggih punika boten musyrik, tambah kathah amal shalehipun, sarta tambah sae bebudenipun! Manawi wonten surat Luqman, dipun damelaken conto, inggih punika manungsa kenging bebaya ing tengah Samudera, lan kadospundi sasampun-ipun wilujeng dumugi dharatan ing griyanipun!

2. Ing surat Ar Ruum kasebataken bilih ing salebeting Quraan punika kathah tamsil ibarat utawi tepa palupi ingkang wigati, manungsa ingkang kaparingan ratio (akal fikiran) kedah saged tanggap sasmita piyambak. Ingkang makaten wau boten namung bab filosofis, kajiwan kemawon, ugi pola pemikiran ekonomi, politik, sarta kaamanan kathah kasebar wonten sejarahing para Panutan, para Andika Nabi lan Ahli Pikir (Hukama') kados dene Luqman Al Hakiim. Dene ing surat Luqman namung isyarat kemawon!

LUQMAN

Surat kaping 31 : 43 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 27, 28 lan 29 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Ash Shaffaat.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

١ - الٓمّٓ ۝

1. Aliif Laam Miim (Hamung Allah pribadi kang Nupiksa maksude).

Alif Laam Miim.

٢ - تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْحَكِيْمِ ۝

2. Surat iki Ayat-Ayating Kitab Quraan kang wicaksana.

Tilka aayaatul kitaabil hakiim.

٣ - هُدًى وَّرَحْمَةً لِّلْمُحْسِنِيْنَ ۝

3. Dadi pituduh lan rahmat tumrap wong wong kang padha tumindak becik.

Hudaw wa rahmatal lil muhsiniin.

٤ - اَلَّذِيْنَ يُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُوْنَ الزَّكٰوةَ وَهُمْ بِالْاٰخِرَةِ هُمْ يُوْقِنُوْنَ ۝

4. Yaiku wong-wong kang padha nindakake Shalat lan aweh Zakat lan dheweke padha yakin marang anane dina Akherat.

Alladziina yuqiimuunash shalaata wa yu'tuunaz zakaata wahum bil aakhirati hum yuuqinuun.

٥ - اُولٰٓئِكَ عَلٰى هُدًى مِّنْ رَّبِّهِمْ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

5. Wong-wong mau padha oleh pituduh saka ngarsaning PangeraNe, nalika ana ing Donya, lan dheweke iku ana ing Akherat padha oleh kabegjan!

Ulaa-ika 'alaa hudam mir rabbihim wa ulaa-ika humul muflihuun.

٦- وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّشْتَرِيْ لَهْوَ الْحَدِيْثِ لِيُضِلَّ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۖ وَّيَتَّخِذَهَا هُزُوًا ۚ اُولٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ۝

Wa minan naasi may yasytarii lahwal hadiitsi liyudhilla 'an sabiilillaahi bighairi 'ilm, wa yattakhidzahaa huzuwaa, ulaa-ika lahum 'adzaabum muhiin.

6. Lan sawenehing manungsa, ana kang tuku crita kang ngayawara, perlune kanggo nyasarake saka AgamaNe Allah tanpa ilmu, sarta ngalap Agamane Allah iku kanggo geguyon. Wong-wong mau tetep kapatrapan siksa kang nginakake.

٧- وَاِذَا تُتْلٰى عَلَيْهِ اٰيٰتُنَا وَلّٰى مُسْتَكْبِرًا كَاَنْ لَّمْ يَسْمَعْهَا كَاَنَّ فِيْٓ اُذُنَيْهِ وَقْرًا ۚ فَبَشِّرْهُ بِعَذَابٍ اَلِيْمٍ ۝

Wa-idzaa tutlaa 'alaihi aayaatunaa wallaa mustakbiran ka-allam yasma'haa ka-anna fii udzunaihi waqraa, fabasysyirhu bi-'adzaabin aliim.

7. Lan manawa Ayat-AyatIngsun kawacakake marang dheweke, banjur padha malengos kalawan gumedhe, kaya-kaya ora krungu Ayat-Ayat mau, lan kaya-kaya kupinge loro ana tutupe. Dheweke bebungahen kalawan siksa kang nglarani.

٨- اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَهُمْ جَنّٰتُ النَّعِيْمِ ۝

Innalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lahum jannaatun na'iim.

8. Satemene wong-wong kang iman lan nindakake laku becik, temen dheweke bakal anduweni Suwarga Na'im (kang tansah kebak ing kani'matan)

٩- خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۭ وَعْدَ اللّٰهِ حَقًّا ۭ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

Khaalidiina fiihaa, wa'dallaahi haqqaa, wa huwal 'aziizul hakiim.

9. Ana ing kono dheweke padha langgeng, janjine Allah iku bener, lan PanjenengaNe iku kang Maha Gagah Prakosa, Maha Wicaksana.

١٠- خَلَقَ السَّمٰوٰتِ بِغَيْرِ عَمَدٍ تَرَوْنَهَا وَاَلْقٰى فِي الْاَرْضِ رَوَاسِيَ اَنْ تَمِيْدَ بِكُمْ وَبَثَّ فِيْهَا مِنْ كُلِّ دَاۗبَّةٍ ۭ وَاَنْزَلْنَا مِنَ السَّمَاۗءِ مَاۗءً فَاَنْۢبَتْنَا فِيْهَا مِنْ كُلِّ زَوْجٍ كَرِيْمٍ ۝

Khalaqas samaawaati bighairi 'amadin taraunahaa wa alqaa fil ardhi rawaasiya an tamiida bikum wa batstsa fiihaa min kulli daabbah, wa anzalnaa minas samaa-i maa-an fa-ambatnaa fiihaa min kulli zaujin kariim.

10. PanjenengaNe kang wus anitahake Langit-Langit tanpa saka, kang wus padha sira sumurupi, lan PanjenengaNe kang nancepake Gunung-Gunung ana ing Bumi, supaya ora ganjang-ganjing karo sira, sarta nyebar ana ing Bumi mau sawarnaning gegremet, yaiku manungsa lan kewan. Lan Ingsun nurunake banyu udan saka Langit, mangka Ingsun nuli nuwuhake ana ing Bumi kono sawarnaning thethukulan kang becik-becik.

11. Lah hiya iki titahe Allah, mara tuduhna marang Ingsun, apa kang wus digawe dening pangeran-pangeranira saliyane Allah? Sanyata wong-wong kang nganiaya iku ana ing sasar kang nyata.

١١- هٰذَا خَلْقُ اللّٰهِ فَأَرُونِي مَاذَا خَلَقَ الَّذِينَ مِن دُونِهِ ۚ بَلِ الظَّالِمُونَ فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ۝

Haadzaa khalqullaahi fa-aruunii maadzaa khalaqal ladziina min duunih, balizh zhaalimuuna fii dhalaalim mubiin.

Nasihat Luqman al Hakiim marang putrane.

12. Lan temen Ingsun wus paring kawicaksanan marang Luqman, yaiku nasehat marang putrane: "Sira mujia syukur marang Allah, jalaran sapa kang syukur, sanyata ganjaran anggone syukur iku tumrap awake dhewe, lan sapa kang kafir satemene Allah iku Maha Sugih, Maha Pinuji".

١٢- وَلَقَدْ آتَيْنَا لُقْمَانَ الْحِكْمَةَ أَنِ اشْكُرْ لِلَّهِ ۚ وَمَن يَشْكُرْ فَإِنَّمَا يَشْكُرُ لِنَفْسِهِ ۖ وَمَن كَفَرَ فَإِنَّ اللَّهَ غَنِيٌّ حَمِيدٌ ۝

Walaqad aatainaa luqmaanal hikmata anisykur lillaah, wamay yasykur fa-innamaa yasykuru linafsih, waman kafara fa-innallaaha ghaniyyun hamiid.

13. Lan nalika Luqman ngucap maneh marang putrane, yaiku mituturi: "He anakku! sira aja nyakuthokake marang Allah, jalaran syirik iku temen aniaya kang gedhe".

١٣- وَإِذْ قَالَ لُقْمَانُ لِابْنِهِ وَهُوَ يَعِظُهُ يَا بُنَيَّ لَا تُشْرِكْ بِاللَّهِ ۖ إِنَّ الشِّرْكَ لَظُلْمٌ عَظِيمٌ ۝

Wa-idz qaala luqmaanu libnihii wahuwa ya'izhuhuu yaa bunayya laa tusyrik billaah, innasy syirka lazhulmun 'azhiim.

14. Lan Ingsun wasiat marang manungsa, supaya gawe becik marang wong tuwane loro, Biyunge wus ngandhut dheweke kalawan lemes tambah-tambah lemes, lan disapih sawuse rong tahun. Sira mujia syukur marang Ingsun, lan marang wong tuwanira loro. Mung marang Ingsun panggonan bali.

١٤- وَوَصَّيْنَا الْإِنسَانَ بِوَالِدَيْهِ حَمَلَتْهُ أُمُّهُ وَهْنًا عَلَىٰ وَهْنٍ وَفِصَالُهُ فِي عَامَيْنِ أَنِ اشْكُرْ لِي وَلِوَالِدَيْكَ إِلَيَّ الْمَصِيرُ ۝

Wawashshainal insaana biwaalidaihi hamalat-hu ummuhuu wahnan 'alaa wahnin wa fishaaluhuu 'aamaini anisykur lii wa liwaalidayya ilayyal mashiir.

15. Lan manawa wong tuwanira loro iku printah supaya nyakuthokake Ingsun, kang sira ora anduweni ilmu ana ing bab iku, poma dipoma sira aja manut marang sakarone. Lan sira ngrewangana wong tuwanira loro iku ana ing Donya kalawan becik-becik, lan sira manuta dalane wong kang bali marang ngarsanIngsun, banjur marang ngarsan-

١٥- وَإِن جَاهَدَاكَ عَلَىٰ أَن تُشْرِكَ بِي مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ فَلَا تُطِعْهُمَا وَصَاحِبْهُمَا فِي الدُّنْيَا مَعْرُوفًا ۖ وَاتَّبِعْ سَبِيلَ مَنْ أَنَابَ إِلَيَّ ۚ ثُمَّ إِلَيَّ مَرْجِعُكُمْ فَأُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝

Ingsun sira kabeh bakal disowanake, nuli Ingsun paring warta marang sira ing barang kang padha sira tindakake.

Wa-in jaahadaaka 'alaa an-nusyrika bii maa laisa laka bihii 'ilm, falaa tuthi'humaa fiddun-yaa ma'ruufaa, wattabi' sabiila man anaaba ilayya marji'ukum faunabbi-ukum bimaa kuntum ta'maluun.

16. Nasehati Luqman: "He anakku! sanajan 'amal iku mung saboboting wiji sawi, sarta samono cilike, banjur kaurug ana sajeroning Langit-langit utawa Bumi, temen Allah bakal nekakake 'amal mau. Sanyata Allah iku kang Maha Alus, Maha Waspada. 763)

١٦- يٰبُنَيَّ اِنَّهَآ اِنْ تَكُ مِثْقَالَ حَبَّةٍ مِّنْ خَرْدَلٍ فَتَكُنْ فِيْ صَخْرَةٍ اَوْ فِي السَّمٰوٰتِ اَوْ فِي الْاَرْضِ يَاْتِ بِهَا اللّٰهُ اِنَّ اللّٰهَ لَطِيْفٌ خَبِيْرٌ ۝

Yaa bunayya innahaa in taku mitsqaala habbatin min khardalin fatakun fii shakhratin au fissamaawaati au fil ardhi ya'ti bihallaah, innallaaha lathiifun khabiir.

17. He, anakku! sira nindakna Shalat, lan printaha kabecikan, lan nyegaha laku ala, lan disabar marang cecoba kang ngenani sira. Sanyata kang mangkono iku kalebu golongan luwih teteping perkara kang diwajibake dening Allah.

١٧- يٰبُنَيَّ اَقِمِ الصَّلٰوةَ وَاْمُرْ بِالْمَعْرُوْفِ وَانْهَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَاصْبِرْ عَلٰى مَآ اَصَابَكَ اِنَّ ذٰلِكَ مِنْ عَزْمِ الْاُمُوْرِ ۝

Yaa bunayya aqimish shalaata wa'mur bil ma'ruufi wanha 'anil munkari washbir 'alaa maa ashaabaka, inna dzaalika min 'azmil umuur.

18. Lan poma sira aja malengosake pipinira saka manungsa, kaya kalakuane wong gumedhe, lan sira aja lumaku ana ing Bumi kalawan umuk (semangkean). Satemene Allah iku ora remen marang kabeh wong kang umuk tur kumalungkung!

١٨- وَلَا تُصَعِّرْ خَدَّكَ لِلنَّاسِ وَلَا تَمْشِ فِي الْاَرْضِ مَرَحًا اِنَّ اللّٰهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ مُخْتَالٍ فَخُوْرٍ ۝

Walaa tusha"ir khaddaka linnaasi walaa tamsyi fil ardhi marahaa, innallaaha laa yuhibbu kulla mukhtaalin fakhuur.

19. Lan sira padha diprasaja ana ing lumaku lan sapolah-bawanira, 764) lan nglirihna suwaranira. Satemene ala-alaning suwara iku suwaraning kuldi".

١٩- وَاقْصِدْ فِيْ مَشْيِكَ وَاغْضُضْ مِنْ صَوْتِكَ اِنَّ اَنْكَرَ الْاَصْوَاتِ لَصَوْتُ الْحَمِيْرِ ۝

763). Maksudipun Allah Maha Alus punika ilmu Allah sarwa nglimputi ing samudayaning kawontenan, dumugining satunggaling ron dhawah saking witipun Allah Nupiksa. Makaten ugi Maha Wicaksana punika Allah tansah ngrengkuh sadaya gumelaring 'Alam Jagad Raya supados tetep kekah dinamis anyrambahi kemakmuranipun sadaya titah ing ngarsapada.

764). Prasaja ing lampah lan tindak tanduk, muna lan muni punika satunggaling watak ksatriya ingkang sarwa bares, beres lan jujur. Manawi lumampah boten rikat gentayangan lan boten nglemet sajak kesed, dados sarwa samadya utawi tengah-tengah. Anggulawenthah putra wiwit alit saking guwagarba Ibu saged dhidhikan prasaja punika dipunwiwiti dening Ibunipun langkung-langkung. Benjing manawi sampun dungkap badhe misah amor kanca-kancanipun ing Taman Kanak-Kanak; Ibu-Bapa lan Guru kedah sesarengan ngrembakaken dhidhikan prasaja (bares, beres lan jujur) punika. Supados benjing manawi sampun dewasa wonten Pawiyatan Luhur (Universitas utawi Institut) sampun santosa fondasi watakipun, inggih makaten punika salah satunggaling metode lan dedaktik dhidhikan Islam, kados dene nasehatipun Luqman Al Hakiim.

Waqshid fii masy-yika wagh-dhudh min shautika, inna ankaral ashwaati lashautul hamiir.

Kakuwasaning Allah iku mutlak, lan sing sapa ingkar bakal katiwasan.

20. Pangandikane Allah: "Apa sira kabeh durung sumurup, yen satemene Allah iku wus nundhukake tumrap sira kabeh barang kang ana ing Langit lan Bumi? Lan PanjenengaNe wus anjembarake ni'mate, padha uga kang lahir utawa kang batin. Sawenehe manungsa ana kang ambantah ana ing Agamane Allah tanpa ilmu, tanpa pituduh, lan ora nganggo Kitab kang madhangi!

٢٠- أَلَمْ تَرَوْا أَنَّ اللَّهَ سَخَّرَ لَكُمْ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ وَأَسْبَغَ عَلَيْكُمْ نِعَمَهُ ظَاهِرَةً وَبَاطِنَةً وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يُجَادِلُ فِي اللَّهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ وَلَا هُدًى وَلَا كِتٰبٍ مُنِيرٍ ۝

Alam tara annallaaha sakhkhara lakum maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi wa asbagha 'alaikum ni'amahuu zhaahirataw wa baathinah, wa minan naasi may yujaadilu fillaahi bighairi 'ilmiw wa laa hudaw walaa kitaabim muniir.

21. Lan manawa didhawuhake marang wong-wong iku: "Sira padha manuta ing Kitab kang wus diturunake dening Allah". Wong-wong mau padha mangsuli: Satemene kita bakal manut ing Agama kang padha ditindakake dening bapak-bapak kita". Pangandikane Allah: "Apa sanajan syetan ngajak ing bapak-bapakira marang siksaning Neraka Sa'ir, tetep arep diturut?"

٢١- وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ اتَّبِعُوا مَا أَنْزَلَ اللَّهُ قَالُوا بَلْ نَتَّبِعُ مَا وَجَدْنَا عَلَيْهِ آبَاءَنَا ۗ أَوَلَوْ كَانَ الشَّيْطٰنُ يَدْعُوهُمْ إِلٰى عَذَابِ السَّعِيرِ ۝

Wa-idzaa qiila lahumut tabi'uu maa anzalallaahu qaaluu bal natt'abi'u maa wajadnaa 'alaihi aabaa-anaa, awalau kaanasy syaithaanu yad'uuhum ilaa 'adzaabis sa'iir.

22. Lan sapa kang pasrah jiwa-raga marang Allah, lan dheweke nindakake laku becik, temen dheweke wus nyekeli tali kang wuled. Lan mung marang ngarsa dalem Allah piyambak pungkasaning kabeh perkara.

٢٢- وَمَنْ يُسْلِمْ وَجْهَهُ إِلَى اللَّهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ فَقَدِ اسْتَمْسَكَ بِالْعُرْوَةِ الْوُثْقٰى ۗ وَإِلَى اللَّهِ عَاقِبَةُ الْأُمُورِ ۝

Wamay yuslim wajhahuu ilallaahi wa huwa muhsinun faqadis tamsaka bil 'urwatil wutsqaa, wa-ilallaahi 'aaqibatul umuur.

23. Lan sapa kang kafir, mangka kakafirane iku aja nganti anjalari susahira Muhammad, mung marang ngarsanIngsun piyambak panggonan sowane wong-wong mau, Ingsun banjur anjlentrehake marang dheweke ing

٢٣- وَمَنْ كَفَرَ فَلَا يَحْزُنْكَ كُفْرُهُ ۚ إِلَيْنَا مَرْجِعُهُمْ فَنُنَبِّئُهُمْ بِمَا عَمِلُوا ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ۝

barang kang wus padha ditindakake. Satemene Allah iku Maha Uninga ing barang kang ana ing sajeroning ati.

Waman kafara falaa yahzunka kufruh, ilainaa marji'uhum fanunabbi-uhum bimaa 'amiluu, innallaaha 'aliimum bidzaatish shuduur.

24. Ingsun togake wong-wong mau seneng-seneng sadhela, ana ing Donya, Ingsun banjur amisesa wong-wong mau marang siksa kang abot.

٢٤- نُمَتِّعُهُمْ قَلِيلًا ثُمَّ نَضْطَرُّهُمْ إِلَىٰ عَذَابٍ غَلِيظٍ ۝

Numatti'uhum qaliilan tsumma nadhtharruhum ilaa 'adzaabin ghaliizh.

25. Lan manawa sira Muhammad andangu marang wong-wong mau: "Sapa kang nitahake Langit-Langit lan Bumi?" Temen dheweke bakal padha matur: "Allah". Dhawuha sira: "Kabeh puji kagungaNe Allah, nanging akeh-akehe wong iku ora padha mangerti".

٢٥- وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ اللَّهُ ۚ قُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Wala-in sa-altahum man khalaqas samaawaati wal ardha layaquulunnallaah, qulil hamdu lillaahi bal aktsaruhum laa ya'qiluun.

26. KagungaNe Allah kabeh barang kang ana ing Langit-Langit lan Bumi. Satemene Allah iku Maha Sugih, Maha Pinuji.

٢٦- لِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ إِنَّ اللَّهَ هُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيدُ ۝

Lillaahi maa fissamaawaati wal ardh, innallaaha huwal ghaniyyul hamiid.

27. Lan saupama kabeh wit-witan kang ana ing Bumi iku dianggo kalam, lan Sagara dianggo mangsine, kanggo nulis pangandikaNe Allah, sawuse entek banjur ditambah pitung Sagara maneh, yekti ora entek pangandikaNe Allah iku ditulis! Sanyata Allah iku Maha Gagah Prakosa, Maha Wicaksana.

٢٧- وَلَوْ أَنَّ مَا فِي الْأَرْضِ مِن شَجَرَةٍ أَقْلَامٌ وَالْبَحْرُ يَمُدُّهُ مِن بَعْدِهِ سَبْعَةُ أَبْحُرٍ مَّا نَفِدَتْ كَلِمَاتُ اللَّهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ۝

Walau anna maa fil ardhi min sajaratin aqlaamuw wal bahru yamudduhuu mim ba'dihii sab'atu abhurim maa nafidat kalimaatullaah, innallaaha 'aziizun hakiim.

28. Ora ana tumitahira kabeh, sarta ora ana tanginira saka kubur iku, kajaba mung kaya dene nitahake badan siji. Sanyata Allah iku Maha Miarsa, Maha Nupiksa.

٢٨- مَا خَلْقُكُمْ وَلَا بَعْثُكُمْ إِلَّا كَنَفْسٍ وَاحِدَةٍ ۗ إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ بَصِيرٌ ۝

Maa khalqukum walaa ba'tsukum illaa kanafsiw waahidah, innallaaha samii'um bashiir.

29. Apa sira Muhammad durung sumurup, yen sanyata Allah nglebokake wengi ana ing rina, lan nglebokake rina ana ing wengi. Lan PanjenengaNe nglakokake Srengenge lan Rembulan, kabeh padha lumaku nganti tumeka mangsa kang wus katamtokake? Lan sanyata Allah iku Maha Waspada ing kabeh barang kang padha sira tindakake.

٢٩- أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ يُولِجُ اللَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَيُولِجُ النَّهَارَ فِي اللَّيْلِ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ كُلٌّ يَجْرِي إِلَىٰ أَجَلٍ مُسَمًّى وَأَنَّ اللَّهَ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ۝

Alam tara annallaaha yuulijul laila finnahaari wa yuulijun nahaara fillaili wa sakhkharasy syamsa wal qamara kulluy yajrii ilaa ajalim musammaw wa annallaaha bimaa ta'maluuna khabiir.

30. Kang mangkono iku supaya sira padha sumurup yen sanyata Allah iku Pangeran kang haq, [765] lan sanyata barang kang padha disembah saliyane Allah iku batal. Lan sanyata Allah iku Maha Luhur, Maha Agung.

٣٠- ذَٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ هُوَ الْحَقُّ وَأَنَّ مَا يَدْعُونَ مِن دُونِهِ الْبَاطِلُ وَأَنَّ اللَّهَ هُوَ الْعَلِيُّ الْكَبِيرُ ۝

Dzaalika bi-annallaaha huwal haqqu wa anna maa yad'uuna min duunihil baathilu wa annallaaha huwal 'aliyyul kabiir.

31. Apa sira Muhammad durung sumurup yen sanyata prahu lelayaran ana ing Sagara kalawan kani'mataning Allah, kang saperlu PanjenengaNe karsa nuduhake marang sira kabeh saweneh Ayat-Ayate. Sanyata kang mangkono iku temen dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang akeh sabare lan akeh syukure.

٣١- أَلَمْ تَرَ أَنَّ الْفُلْكَ تَجْرِي فِي الْبَحْرِ بِنِعْمَتِ اللَّهِ لِيُرِيَكُم مِّنْ آيَاتِهِ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ۝

Alam tara annal fulka tajrii fil bahri bini'matillaahi liyuriyakum min aayaatih, inna fii dzaalika la-aayaatil likulli shabbaarin syakuur.

32. Lan manawa wong-wong mau katutup dening alun kang saGunung-Gunung gedhene, dheweke nuli padha nenuwun marang Allah kalawan ngikhlasake Agama marang PanjenengaNe. Bareng PanjenengaNe Allah wus paring keslametan wong-wong mau bisa tumeka dharatan maneh, sawenehe wong mau ana kang tetep ana ing dalan kang jejeg, yaiku Tauhid, lan ora ana kang wani ngangasi (ngingkari) marang Ayat-AyatIngsun, kajaba wong kang cidra lan banget kafire.

٣٢- وَإِذَا غَشِيَهُم مَّوْجٌ كَالظُّلَلِ دَعَوُا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ فَلَمَّا نَجَّاهُمْ إِلَى الْبَرِّ فَمِنْهُم مُّقْتَصِدٌ وَمَا يَجْحَدُ بِآيَاتِنَا إِلَّا كُلُّ خَتَّارٍ كَفُورٍ ۝

Wa-idzaa ghasyiyahum maujun kazhzhulali da'awullaaha mukhlishiina lahud-diin falammaa najjaahum ilal barri faminhum muqtashid, wamaa yajhadu bi-aayaatinaa illaa kullu khattaarin kafuur.

765). Artosipun hamung Allah piyambak Pangeraning para manungsa ingkang wajib dipun sembah lan dhedhepe ing Panjenenganipun Dzat ingkang Maha-Nyakrawati (ngereh Jagat raya) sarta Maha Asih ing kawulanipun sadaya boten pilih kasih. Mirsanana ayat 6 surat Al Hajj.

٣٣- يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوْا رَبَّكُمْ وَاخْشَوْا يَوْمًا لَّا يَجْزِيْ
وَالِدٌ عَنْ وَّلَدِهٖ وَلَا مَوْلُوْدٌ هُوَ جَازٍ عَنْ وَّالِدِهٖ
شَيْـًٔا ۭ اِنَّ وَعْدَ اللّٰهِ حَقٌّ فَلَا تَغُرَّنَّكُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا ۪ وَلَا
يَغُرَّنَّكُمْ بِاللّٰهِ الْغَرُوْرُ ۝

33. He para manungsa! sira kabeh padha wedia marang Pangeranira, lan wedia marang dina Qiyamat, kang ana ing dina Bapa wus ora migunani marang Anake, lan Anak ora migunani marang Bapakne. Sanyata janjine Allah iku bener. Lan panguripan Donya iku aja nganti nengsemake marang sira, lan poma syetan iku aja nganti ngapusi sira wani duraka marang Allah.

Yaa ayyuhannaasut taquu rabbakum wakhsyau yaumal laa yajzii waalidun 'aw-waladihii walaa mauluudun huwa jaazin 'aw-waalidihii syai-an, inna wa'dallaahi haqqun falaa taghurrannakumul hayaatud dun-yaa, walaa yaghurrannakum billaahil gharuur.

٣٤- اِنَّ اللّٰهَ عِنْدَهٗ عِلْمُ السَّاعَةِ وَيُنَزِّلُ الْغَيْثَ ۚ وَيَعْلَمُ
مَا فِي الْاَرْحَامِ ۭ وَمَا تَدْرِيْ نَفْسٌ مَّاذَا تَكْسِبُ غَدًا ۭ
وَمَا تَدْرِيْ نَفْسٌۢ بِاَيِّ اَرْضٍ تَمُوْتُ ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلِيْمٌ
خَبِيْرٌ ۝

34. Sanyata mung Allah piyambak kang Kagungan 'ilmune dina Qiyamat, lan PanjenengaNe kang nurunake udan sarta PanjenengaNe Nguningani apa kang ana ing pranakaning wong wadon. Lan sawijining badan ora sumurup apa kang bakal dilakoni sesuk, lan sawijining badan ora sumurup ana ing Bumi ngendi dheweke bakal mati. Sanyata Allah iku Uninga, Maha Nupiksa.
***).

Innallaaha 'indahuu 'ilmus saa'ati wa yunazzilul ghaitsa wa ya'lamu maa fil arhaam, wamaa tadrii nafsum maadzaa taksibu ghadaa, wamaa tadrii nafsum bi-ayyil ardhi tamuutu innallaaha 'aliimun khabiir.

***). Panutuping katerangan ingkang wigatos wontening interkorelasi (sesambetan ingkang wonten samining ancas) antawisipun surat Luqman lan surat As Sajdah kados kasebat punika:
1. Ing surat Luqman kasebataken ingkaripun kaum musyrikin dhateng Kitab Quraan, dene wonten surat As Sajdah katerangaken bilih Al Quraan punika estu-estu tumurun saking ngarsa Dalem Gusti Allah SWT.
2. Ing surat Luqman ayat 34 kasebataken bilih wonten 5 (gangsal) bab ingkang ghaib ingkang namung Allah piyambak ingkang Maha Priksa, manawi wonten ing surat As Sajdah anerangaken tambah wiyar bab-bab ingkang hubungan kalayan kawontenan ghaib, inggih punika ayat 5 dumugi 11 sarta ayat 27 As Sajdah.

AS SAJDAH (SUJUD)

Surat kaping 32 : 30 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 16 tumeka 20 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Al Mu'minun.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Aliif Laam Miim (Hamung Allah pribadi kang Nupiksa maksude).

١- الٓمّٓ ۝

Al f Laam Miim.

Kitab Quraan dudu gaweane Muhammad s.a.w.

2. Kitab Quraan iki diturunake ora kemamangan maneh terang saka ngarsa Dalem Allah Pangeraning 'Alam Jagad pramudita.

٢- تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ لَا رَيْبَ فِيْهِ مِنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Tanziilul kitaabi laa raiba fiihi mir rabbil 'aalamiin.

3. Ananging wong-wong kang musyrik padha ngucap: "Muhammad wus gawe-gawe Quraaan iku!" Sanyata Quraan iku haq saka ngarsa Dalem Pangeranira, supaya sira aweh pepeling lan pangancam marang kaum kang durung tahu karawuhan Rasul kang aweh pepeling sadurunge. Muga-muga wong-wong iku padha oleh pituduh!

٣- اَمْ يَقُوْلُوْنَ افْتَرٰىهُ ۚ بَلْ هُوَ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّكَ لِتُنْذِرَ قَوْمًا مَّآ اَتٰىهُمْ مِّنْ نَّذِيْرٍ مِّنْ قَبْلِكَ لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُوْنَ ۝

Am yaquuluu naftaraahu bal huwal haqqu mir-rabbika litundzira qaumam maa ataahum min nadziirim min qablika la'allahum yahtaduun.

Mangsa diciptane 'Alam Jagad pramudita.

4. Allah kang wus nitahake Langit-Langit lan Bumi lan barang kang ana ing antarane kakarone mau ana ing sajeroning enem mangsa, PanjenengaNe nuli karsa madhepake

٤- اَللّٰهُ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِيْ سِتَّةِ اَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوٰى عَلَى الْعَرْشِ ۗ مَا لَكُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ

Iradate marang 'Arsy. Sira kabeh ora duwe wong kang mitulungi saliyane PanjenengaNe, sarta ora anduweni kang bisa paring syafa'at 766) (mitulungi). Apa sira ora ngalap pitutur saka Quraan?

مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا شَفِيْعٍ ۭ اَفَلَا تَتَذَكَّرُوْنَ ۝

Allaahul ladzii khalaqas samaawaati wal ardha wamaa bainahumaa fii sittati ayyaamin tsummastawaa 'alal 'arsyi maa lakum min duunihii miw waliyyiw walaa syafii', afalaa tatadzakkaruun.

5. PanjenengaNe kang mernata urusan Malaikat ngampil wahyu saka Langit menyang Bumi, Malaikat mau nuli munggah marak ing ngarsaNe ana ing sajeroning sadina suwene manawa dilakoni saliyane Malaikat ana sewu tahun kang sira etung nganggo etungan Donya! 767)

٥ - يُدَبِّرُ الْاَمْرَ مِنَ السَّمَاۗءِ اِلَى الْاَرْضِ ثُمَّ يَعْرُجُ اِلَيْهِ فِيْ يَوْمٍ كَانَ مِقْدَارُهٗٓ اَلْفَ سَنَةٍ مِّمَّا تَعُدُّوْنَ ۝

Yudabbirul amra minas samaa-i ilal ardhi tsumma ya'ruju ilaihi fii yaumin kaana miqdaaruhuu alfa sanatim mimmaa ta-'udduun.

6. Kang mernata urusan mangkono iku, Pangeran kang Nupiksa sakabehing barang ghaib, lan kang kaseksen, kang Maha Gagah Prakosa, Maha Asih.

٦ - ذٰلِكَ عٰلِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ الْعَزِيْزُ الرَّحِيْمُ ۝

Dzaalika 'aalimul ghaibi wasysyahaadatil 'aziizir rahiim.

Proses tumitahing manungsa lan anggone ditangekake saka kubur besuk Qiyamat.

7. Panjenengan Dalem kang wus ambecikake kadadean siji-sijining makhluk kang tumitah, lan miwiti nitahake manungsa saka lemah (lendhut).

٧ - الَّذِيْٓ اَحْسَنَ كُلَّ شَيْءٍ خَلَقَهٗ وَبَدَاَ خَلْقَ الْاِنْسَانِ مِنْ طِيْنٍ ۝

Alladzii ahsana kulla syai-in khalaqahuu wabada-a khalqal insaani min thiin.

766). Syafa'at mirsanana ing Bab "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi", ing pungkasaning kaca!

767). Urusan ingkang kawogan ngurus wahyu punika Malaikat Jibril a.s. marak minggah ing pangayunaning ngarsa dalem Allah, punika tamsil ibarat kita manungsa namung saged tanggap sasmita, inggih punika tuwuhing kainsapan, bilih Allah SWT punika Allah punika kagungan departemen Wahyu, departemen Roh, departemen Kasuwargan lan sanes-sanesipun. Punika boten ateges Allah boten Kuwaos anylirani ngurus piyambak, punika boten. Tanggap sasmita kita manungsa angsal Berkah ilmu Tata—Negari utawi teori Administrasi Negari. Kados ing jaman jumeneng Dalem Sampeyan Dalem Ingkang Sinuwun Kanjeng Sultan Hamengku Buwana I, utawi Sultan Swargi, 1755 - 1792, satunggal Departemen kajibahaken dhumateng satunggaling Nayaka, manawi ing jaman Republik Indonesia sapunika Menteri. Ing jamanipun Kalifah 'Umar bin Khattab r.a. satunggal Departemen dipun resmekaken nami "Addiiwan al Kaatib" artosipun manawi jaman sapunika Menteri Sekretaris Negara. Gamblang sanget bilih manungsa manawi angginakaken kakiyatan kajiwan (spiritual) intelekipun, saged tanggap sasmita saking tamsil ibarat Kitab Suci Quraan, angsal theori ilmu politik, sarta ilmu sanes-sanesipun. Kados dene atur kula ing Purwaka kitab Al Huda punika!

8. Banjur andamel turuning manungsa saka mani, yaiku banyu kang apes ina!

٨ - ثُمَّ جَعَلَ نَسْلَهُ مِنْ سُلٰلَةٍ مِّنْ مَّآءٍ مَّهِيْنٍ ۝

Tsumma ja'ala naslahuu min sulaalatim mim maa-im mahiin.

9. PanjenengaNe nuli nyampurnake kadadeane ana ing sajroning pranakan lan anyebul rohe ana ing njero kono, sarta PanjenengaNe banjur andamel kanggo sira kabeh pangrungu lan pandeleng lan ati. Ananging sathithik sira kabeh padha syukur!

٩ - ثُمَّ سَوّٰىهُ وَنَفَخَ فِيْهِ مِنْ رُّوْحِهٖ وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْاَبْصَارَ وَالْاَفْـِٕدَةَ ۭ قَلِيْلًا مَّا تَشْكُرُوْنَ ۝

Tsumma sawwaahu wa natakha fiihi mir-ruuhihii wa ja'ala lakumus sam'a wal abshaara wal af-idah, qaliilam maa tasykuruun.

10. Lan wong kang padha kafir ngucap: "Apa manawa kita wus ajur-mumur musna ing lemah, apa hiya kita temen bakal dititahake maneh dadi makhluk anyar?" Sanyata wong-wong mau ora padha iman bakal sowan ing ngarsaning PangeraNe!

١٠ - وَقَالُوْٓا ءَاِذَا ضَلَلْنَا فِي الْاَرْضِ ءَاِنَّا لَفِيْ خَلْقٍ جَدِيْدٍ ۭ بَلْ هُمْ بِلِقَاۗئِ رَبِّهِمْ كٰفِرُوْنَ ۝

Wa qaaluu a-idzaa dhalalnaa fil ardhi a-innaa lafii khalqin jadiid, bal hum biliqaa-i rabbihim kaafiruun.

11. Dhawuha sira Muhammad: "Sira kabeh bakal dipateni dening Malaikat Maut (Pati) kang kawogan anjabut nyawanira kabeh, nuli marang ngarsaning Pangeranira sira kabeh bakal padha disowanake!"

١١ - قُلْ يَتَوَفّٰىكُمْ مَّلَكُ الْمَوْتِ الَّذِيْ وُكِّلَ بِكُمْ ثُمَّ اِلٰى رَبِّكُمْ تُرْجَعُوْنَ ۝ ع

Qul yatawaffaakum malakul mautil ladzii wukkila bikum tsumma ilaa rabbikum turja'uun.

Sawijining tata bandhing antarane wong Mu'min lan wong kafir.

12. Lan ndaheba anggone anggegirisi, manawa samungguha sira sumurup nalika wong-wong kang duraka nungkulake sirah-sirahe ana ing ngarsaning Pangerane, dheweke padha munjuk: "Dhuh Pangeran kawula, kawula sampun sumerap lan mireng, mugi Paduka mangsulaken kawula dhateng Donya, kawula tamtu badhe nglampahi kasaenan, saestunipun kawula sapunika sampun yakin"

١٢ - وَلَوْ تَرٰٓى اِذِ الْمُجْرِمُوْنَ نَاكِسُوْا رُءُوْسِهِمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۭ رَبَّنَآ اَبْصَرْنَا وَسَمِعْنَا فَارْجِعْنَا نَعْمَلْ صَالِحًا اِنَّا مُوْقِنُوْنَ ۝

Walau taraa idzil mujrimuuna naakisuu ru-uusihim 'inda rabbihim, rabbanaa absharnaa wa sami'naa farji'naa na'mal shaalihan innaa muuqinuun.

13. Lan samungguha dadi keparenging karsaninIngsun, temen Ingsun paring pituduh marang saben-saben awak, nanging wus ditetepake putusan siksa saka ngarsanIngsun yen temen Ingsun bakal ngebaki Neraka Jahanam saka jin lan manungsa kabeh.

١٣- وَلَوْ شِئْنَا لَآتَيْنَا كُلَّ نَفْسٍ هُدٰىهَا وَلٰكِنْ حَقَّ الْقَوْلُ مِنِّيْ لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِيْنَ ○

Walau syi'naa la-aatainaa kulla nafsin hudaahaa walaakin haqqal qaulu minnii la-am-la-anna jahannama minal jinnati wannaasi ajma'iin.

14. Mara padha rasakna siksa iku, jalaran anggonira padha nglalekake katemune dinanira iki. Satemene Ingsun nglalekake sira uga mara rasakna siksa kang langgeng, jalaran tumindak kang padha sira tindakake.

١٤- فَذُوْقُوْا بِمَا نَسِيْتُمْ لِقَاءَ يَوْمِكُمْ هٰذَا إِنَّا نَسِيْنٰكُمْ وَذُوْقُوْا عَذَابَ الْخُلْدِ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ○

Fadzuuquu bimaa nasiitum liqaa-a yaumikum haadzaa, innaa nasiinaakum wa dzuuquu 'adzaabal khuldi bimaa kuntum ta'maluun.

15. Sanyata kang iman marang Ayat-Ayat-Ingsun, yaiku wong kang manawa dielingake nganggo Ayat-Ayat mau, dheweke padha anjungkel sujud [768] lan maha nucekake Allah kalawan muji marang Pangerane, lan dheweke ora padha gumedhe.

١٥- إِنَّمَا يُؤْمِنُ بِاٰيٰتِنَا الَّذِيْنَ إِذَا ذُكِّرُوْا بِهَا خَرُّوْا سُجَّدًا وَّسَبَّحُوْا بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُوْنَ ○ السجدة

Innamaa yu'minu bi-aayaatinal ladziina idzaa dzukkiruu bihaa kharruu sujjadaw wa sabbahuu bihamdi rabbihim wahum laa yastakbiruun.

16. Gegere wong-wong mau padha ninggalake paturone, jalaran arep 'ibadah [769] marang Pangerane kalawan wedi siksane, lan ngarep-arep rahmaTe, lan dheweke padha andanakake saka sabagean barang kang wus Ingsun paringake rezeki marang dheweke!

١٦- تَتَجَافٰى جُنُوْبُهُمْ عَنِ الْمَضَاجِعِ يَدْعُوْنَ رَبَّهُمْ خَوْفًا وَّطَمَعًا وَّمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ○

Tatajaa faa junuubuhum 'anil madhaaji'i yad'uuna rabbahum khaufan wa thama'aw wa mimmaa razaqnaahum yunfiquun.

---

768). Para tiyang Mu'min sami suyud, jalaran ndherek dhawuhing Allah SWT sarana khusyu' (jatmika tur hidmat). Pramila dipun sunnataken nindakaken sujud tilawah ing nalika maos utawi mireng **Ayat-Ayat Sajdah**, kados dene ing Ayat punika.

769). Piyambakipun sami nglilir saking sarenipun, lajeng wudhu sarta nindakaken **Shalat dalu** utawi **Shalat Tahajjud**. Sholatipun tiyang ingkang prihatos, niyat sowan mirunggan ing wanci sepen, wancinipun makhluk sarta sadaya 'alam sami sidhem permanem, piyambakipun ruku' lan sujud sarana manah ingkang ikhlas, resik sarta ngajeng-ajeng **sih-kawelasan sarta pangapuntening dosa saking ngarsa dalem Allah SWT.**
Dhuh para maos swawi katindakna, mbok bilih dhangan ing penggalih, insya Allah, Allah badhe ngijabahi panuwun kaprihatosan panjenengan, amin!!

17. Ora ana sawijining awak kang sumurup barang kang disidhemake, lan dicawisake tumrap wong-wong iku, yaiku kang nengsemake mripat, ganjaran ana ing Suwarga, minangka piwalese kabeh 'amal kang wus padha ditindakake.

١٧- فَلَا تَعْلَمُ نَفْسٌ مَّآ أُخْفِيَ لَهُم مِّن قُرَّةِ أَعْيُنٍ جَزَآءًۢ بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Falaa ta'lamu nafsum maa ukhfiya lahum min qurrati a'yunin jazaa-am bimaa kaanuu ya'maluun.

18. Mangka wong Mu'min iku apa padha kaya dene wong fasek? Temen wong-wong iku ora padha!.

١٨- أَفَمَن كَانَ مُؤْمِنًا كَمَن كَانَ فَاسِقًا ۚ لَّا يَسْتَوُۥنَ ۝

Afaman kaana mu'minan kaman kaana faasiqaa, laa yastawuun.

19. Dene wong-wong kang iman, lan nindakake laku becik, wong-wong iku bakal tampa Suwarga Ma'wa minangka panggonane lan ganjarane kabeh 'amal, kang wus padha ditindakake.

١٩- أَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَلَهُمْ جَنَّٰتُ ٱلْمَأْوَىٰ نُزُلًۢا بِمَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ۝

Ammalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati falahum jannaatul ma'waa nuzulam bimaa kaanuu ya'maluun.

20. Dene wong-wong kang padha fasek, iku panggonane Neraka, saben-saben wong-wong mau arep metu saka Neraka kono, dibalekake maneh lan didhawuhake: "Mara rasakna siksa Neraka kang sira padha maido..

٢٠- وَأَمَّا ٱلَّذِينَ فَسَقُوا۟ فَمَأْوَىٰهُمُ ٱلنَّارُ ۖ كُلَّمَآ أَرَادُوٓا۟ أَن يَخْرُجُوا۟ مِنْهَآ أُعِيدُوا۟ فِيهَا وَقِيلَ لَهُمْ ذُوقُوا۟ عَذَابَ ٱلنَّارِ ٱلَّذِى كُنتُم بِهِۦ تُكَذِّبُونَ ۝

Wa ammalladziina fasaquu fama'waahumun naar, kullamaa araaduu ay yakhrujuu minhaa u'iiduu fiihaa wa qiila lahum dzuuquu 'adzaaban naaril ladzii kuntum bihii tukadzdzibuun.

21. Lan temen Ingsun bakal ngicipake marang wong-wong mau rasaning siksa kang entheng ing Donya sadurunge ngrasakake siksa kang abot ing Akherat, mbok manawa dheweke padha gelem bali marang iman.

٢١- وَلَنُذِيقَنَّهُم مِّنَ ٱلْعَذَابِ ٱلْأَدْنَىٰ دُونَ ٱلْعَذَابِ ٱلْأَكْبَرِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ۝

Walanudziiqannahum minal 'adzaabil adnaa duunal 'adzaabil akbari la'allahum yarji'uun.

22. Lan sapa wong kang luwih nganiaya ngungkuli wong kang dielingake kalawan Ayat-Ayating Pangerane, dheweke nuli malengos saka Ayat mau. Sanyata Ingsun bakal nyiksa wong-wong kang padha duraka.

٢٢- وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّن ذُكِّرَ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِۦ ثُمَّ أَعْرَضَ عَنْهَآ ۚ إِنَّا مِنَ ٱلْمُجْرِمِينَ مُنتَقِمُونَ ۝

Waman azhlamu mimman dzukkira bi-aayaati rabbihii tsumma a'radha 'anhaa, innaa minal mujrimiina muntaqimuun.

Dhawuhing Allah supaya nampa Al Quraan tanpa mamang maneh!

23. Lan temen Ingsun wus paring Kitab Taurat marang Musa, jalaran saka iku sira Muhammad aja mamang manawa nampa Al Quraan iku, lan Ingsun dadekake Kitab Taurat kanggo pituduh tumrap wong Bani Israil.

٢٣- وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ فَلَا تَكُنْ فِيْ مِرْيَةٍ مِّنْ لِّقَآئِهٖ وَجَعَلْنٰهُ هُدًى لِّبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ ۚ ۝

Walaqad aatainaa muusal kitaaba falaa takun fii miryatim mil-liqaa-ihii wa ja'alnaahu hudal libanii israa-iil.

24. Lan sawenehe wong Bani Israil Ingsun andamel pirang-pirang panutan kang nuduhake manungsa kalawan dhawuhIngsun sawuse wong-wong mau padha sabar, lan dheweke padha yakin marang Ayat-AyatIngsun.

٢٤- وَجَعَلْنَا مِنْهُمْ اَئِمَّةً يَّهْدُوْنَ بِاَمْرِنَا لَمَّا صَبَرُوْا ۗ وَكَانُوْا بِاٰيٰتِنَا يُوْقِنُوْنَ ۝

Wa ja'alnaa minhum a-immatay yahduuna bi-amrinaa lammaa shabaruu, wa kaanuu bi-aayaatinaa yuuqinuun.

25. Sanyata Pangeranira iku kang mutus misahake ing antarane wong-wong Bani Israil besuk ana ing dina Qiyamat, ing perkara barang kang padha dipasulayakake.

٢٥- اِنَّ رَبَّكَ هُوَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فِيْمَا كَانُوْا فِيْهِ يَخْتَلِفُوْنَ ۝

Inna rabbaka huwa yafshilu bainahum yaumal qiyaamati fiimaa kaanuu fiihi yakhtalifuun.

26. Apa durung terang tumrap wong-wong kafir Mekkah, wus pira kehe ummat sadurunge dheweke kang wus Ingsun rusak, kang panggonan-panggonane padha diliwati dening wong-wong mau? Sanyata kang mangkono iku temen dadi tandha yekti, apa wong-wong iku ora padha krungu nyatitekake?

٢٦- اَوَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ اَهْلَكْنَا مِنْ قَبْلِهِمْ مِّنَ الْقُرُوْنِ يَمْشُوْنَ فِيْ مَسٰكِنِهِمْ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ ۗ اَفَلَا يَسْمَعُوْنَ ۝

Awalam yahdi lahum kam ahlaknaa min qablihim minal quruuni yamsyuuna fii masaakinihim, inna fii dzaalika la-aayaat, afalaa yasma'uun.

27. Apa dheweke ora padha sumurup, yen sanyata Ingsun nggiring ing (mendhung kang mawa) banyu marang Bumi kang garing Ingsun banjur ngetokake thethukulan kalawan banyu mau kang bakal dipangan dening ingon-ingone, lan wong-wong iku dhewe! Apa dheweke ora padha sumurup?

٢٧- أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّا نَسُوقُ الْمَاءَ إِلَى الْأَرْضِ الْجُرُزِ فَنُخْرِجُ بِهِ زَرْعًا تَأْكُلُ مِنْهُ أَنْعَامُهُمْ وَأَنْفُسُهُمْ أَفَلَا يُبْصِرُونَ ۝

Awalam yarau annaa nasuuqul maa-a ilal ardhil juruzi fanukhriju bihii zar'an ta'kulu minhu an'aamuhum wa anfusuhum, afalaa yubshiruun.

28. Lan wong-wong mau padha ngucap: "Besuk kapan dinane kamenangan pambuka pitulung iku, yen nyata sira padha bener?"

٢٨- وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْفَتْحُ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ۝

Wa yaquuluuna mataa haadzal fat-hu in kuntum shaadiqiin.

29. Dhawuha sira Muhammad: "Ana ing dina kamenangan pambuka pitulung iku, imane wong kafir wus ora manfa'ati maneh, lan wong-wong mau ora diwenehi tempo".

٢٩- قُلْ يَوْمَ الْفَتْحِ لَا يَنفَعُ الَّذِينَ كَفَرُوا إِيمَانُهُمْ وَلَا هُمْ يُنظَرُونَ ۝

Qul yaumal fat-hi laa yanfa'ul ladziina kafaruu iimaanuhum walaa hum yundzaruun.

30. Jalaran saka iku sira Muhammad malengosa saka wong-wong kafir mau, lan sira ngentenana, jalaran satemene wong-wong iku uga padha ngenteni kabeh.

***).

٣٠- فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَانتَظِرْ إِنَّهُم مُّنتَظِرُونَ ۝ ع ١٦

Fa-a'ridh 'anhum wantazhir innahum muntazhiruun.

***). Minangka panutuping katerangan analisa ingkang wigatos wontening interkorelasi (sasambetan ingkang wonten samining tujuan) ing antawisipun surat As Sajdah kalayan surat Al Ahzab (Bergada mengsah perang) kirang langkung makaten:

1. Ing surat As Sajdah anerangaken bukti-bukti kaleresanipun Risalah Muhammad s.a.w. awujud Al Quraan tumrap manungsa sadaya, sarta Da'wah Islamiyah ingkang angedegaken ajaran Tauhid, ugi anerangaken proses kadadosanipun 'Alam Jagad Raya, lan proses tumitahing satunggal-satunggaling manungsa. Dene wonten surat Al Ahzab anerangaken taqdir Ilahy boten saged dipun tolak, hukum zhihar, jejering anak pupon (angkat), hukum khusus ngengingi nikahipun Nabi s.a.w. sarta kuwajibanipun garwa-garwa Nabi. Ugi katerangaken sawatawis perang Ahzab utawi perang Khandak (perang angginaken jagang-jero, kados Perang Donya I ing Jerman angginakaken loopgraaf kangge nglindhungi serangan mengsah!). Perang Khandak punika saking usul pemanggihipun Sekabat Salman Al Farisy r.a.

2 Akhir ayat ing surat As Sajdah Gusti Allah dhawuh dhumateng Kanjeng Nabi s.a.w. supados sesarengan kalayan ummat Mu'minin boten mrihatosaken tiyang ingkang cetha kafir, cekap pituwasipun mangke wonten hukumipun kaputusaning Pangeran benjing ing Akherat! Dene ing surat Al Ahzab bab punika malah kasebat ing wiwitan surat!

AL AHZAB (BERGADA MUNGSUH PERANG)

Surat kaping 33 : 73 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Madinah. Kawahyokake sawuse surat Ali 'Imran.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Taqwa lan tawakkal ing Allah s.w.t. piyambak.

١- يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ اتَّقِ اللّٰهَ وَلَا تُطِعِ الْكٰفِرِيْنَ وَالْمُنٰفِقِيْنَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ۝

1. He Nabi Muhammad, sira wedia marang Allah, lan aja manut wong-wong kafir, lan wong-wong munafik, satemene Allah iku Maha Uninga, Maha Wicaksana.

Yaa ayyuhan nabiyyuttaqil laaha walaa tuthi'il kaafiriina wal munaafiqiin, innallaaha kaana 'aliiman hakiimaa.

٢- وَّاتَّبِعْ مَا يُوْحٰٓى اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرًا ۝

2. Lan sira andhereka ing barang kang wus kawahyokake marang sira saka ngarsaNe Pangeranira. Satemene Allah iku Maha Waspada ing barang kang padha sira tindakake.

Wattabi' maa yuuhaa ilaika mir-rabbik, innallaaha kaana bimaa ta'maluuna khabiiraa.

٣- وَّتَوَكَّلْ عَلَى اللّٰهِ ۗ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَكِيْلًا ۝

3. Lan sira sumaraha marang Allah, lan cukup Allah piyambak kang kapasrahan.

Watawakkal 'alallaah, wakafaa billaahi wakiilaa.

Hukum dzihar lan anak pupon.

٤- مَا جَعَلَ اللّٰهُ لِرَجُلٍ مِّنْ قَلْبَيْنِ فِيْ جَوْفِهٖ ۚ وَمَا جَعَلَ

4. Allah ora andamel kanggo sawijining wong ati loro ana ing dhadhane, lan PanjenengaNe ora andadekake bojo-bojonira kang

padha sira dzhihar [770] iku kadadekake kaya Biyungira (ana ing haram, amung kalakuan kang mangkono iku dibendoni lan dadi dosa kang kudu dikifarati). Lan PanjenengaNe ora andadekake anak puponira iku kaya anakira dhewe, ana ing bab waris. Kang mangkono iku mung ucapanira kalawan lisanira. Lan Allah iku ngandika kang bener, lan PanjenengaNe nuduhake marang dalan kang jejeg.

اَزْوَاجَكُمُ الّٰٓـِٔيْ تُظٰهِرُوْنَ مِنْهُنَّ اُمَّهٰتِكُمْ ۚ وَمَا جَعَلَ
اَدْعِيَآءَكُمْ اَبْنَآءَكُمْ ۭ ذٰلِكُمْ قَوْلُكُمْ بِاَفْوَاهِكُمْ ۚ وَاللّٰهُ
يَقُوْلُ الْحَقَّ وَهُوَ يَهْدِي السَّبِيْلَ ۝

Maa ja'alallaahu lirajulim min qalbaini fii jaufihii wamaa ja'ala azwaajakumul laa-ii tuzhaahiruuna minhunna ummahaatikum wamaa ja'ala ad'iyaaakum abnaa-akum dzaalikum qaulukum bi-afwaahikum wallaahu yaquulul haqqa wahuwa yahdis sabiil.

5. Dheweke iku padha undangen kalawan nyangking jenenge Bapakne dhewe, jalaran kang mangkono iku mungguhing Allah bener, dene manawa sira ora padha sumurup arane Bapakne, mangka sira ngundanga sadulurira tunggal Agama, utawa mitranira sinarawedi. [771] Lan ora dosa tumrap sira kabeh kaluputanira kang ora kasengaja ing perkara iku, nanging kang dosa iku kasengaja atinira. Allah iku Maha Ngapura, Maha Asih.

٥ - اُدْعُوْهُمْ لِاٰبَآىِٕهِمْ هُوَ اَقْسَطُ عِنْدَ اللّٰهِ ۚ فَاِنْ لَّمْ
تَعْلَمُوْٓا اٰبَآءَهُمْ فَاِخْوَانُكُمْ فِي الدِّيْنِ وَمَوَالِيْكُمْ ۭ
وَلَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ فِيْمَآ اَخْطَاْتُمْ بِهٖ ۙ وَلٰكِنْ مَّا
تَعَمَّدَتْ قُلُوْبُكُمْ ۭ وَكَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ۝

Ud'uuhum li-aabaa-ihim huwa aqsathu 'indallaah, fa-illam ta'lamuu aabaa-ahum fa-ikhwaanukum fiddiini wa mawaalii-kum, wa laisa 'alaikum junaahun fiimaa akh-tha'tum bihii walaakim maa ta'ammadat quluubukum, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

Jejering sambungan trah (sanak) ing hukum waris.

6. Nabi Muhammad iku kudu digatekake (luwih diutamakake) dening wong-wong Mu'min, ngungkuli anggone anggatekake awake dhewe, lan para garwane dianggep kaya dene Ibune dhewe. Dene para sanakira, sawenehe karo saweneh liyane padha duwe haq perkara warisan katimbang karo padha kancane wong-wong Mu'min (kang dudu sanak), lan Muhajirin, kang mangkono

٦ - اَلنَّبِيُّ اَوْلٰى بِالْمُؤْمِنِيْنَ مِنْ اَنْفُسِهِمْ ۚ وَاَزْوَاجُهٗٓ
اُمَّهٰتُهُمْ ۭ وَاُولُوا الْاَرْحَامِ بَعْضُهُمْ اَوْلٰى بِبَعْضٍ
فِيْ كِتٰبِ اللّٰهِ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُهٰجِرِيْنَ اِلَّآ اَنْ
تَفْعَلُوْٓا اِلٰٓى اَوْلِيٰۗىِٕكُمْ مَّعْرُوْفًا ۭ كَانَ ذٰلِكَ فِي الْكِتٰبِ
مَسْطُوْرًا ۝

770). Adat kabiasanipun tiyang Arab jaman Jahiliyah (saderengipun Islam) punika gadhah tatacara hukum Zhihar, inggih punika ucapanipun tiyang jaler dhateng simahipun: "Gegerira haram kanggo aku kaya dene gegere Ibuku!", punika ucapan ateges simah (garwa)ipun wau salamilaminipun hukumipun haram. Ananging sasampunipun dhateng Syari'at Islam haram salamilaminipun punika dipun sowak, tiyang jaler kedah wangsul sae-sae dhateng simahipun (wangsul halal malih) sarana kifarat (dhendha).

771). Maula-maula (mitra sinarawedi) wau asalipun adat istiadat bangsa Arab tiyang batur tumbasan ingkang sampun dipun merdikaken, utawi putra pupon (angkat); upami Salim anak puponipun Huzaifah, punika dipun undang maula Huzaifah.

iku kasebut ana ing Kitabe Allah, ewa dene sira kawenangake gawe becik kalawan wasiat, marang kekasihira tunggal Agama 772) Kang mangkono iku wus katulis ana ing Kitab Quraan.

Annabiyyu aulaa bilmu'miniina min anfusihim wa azwaajuhuu ummahaatuhum, wa ulul arhaami ba'dhuhum aulaa biba'dhin fii kitaabillaahi minal mu'miniina wal muhaajiriina illaa an taf'aluu ilaa auliyaa-ikum ma'ruufaa, kaana dzaalika fil kitaabi masthuuraa.

7. Sira nyaritakna nalika Ingsun mundhut prasetya marang para Andika Nabi lan marang sira dhewe Muhammad, lan marang Nuh, Ibrahim, Musa, 'Isa putrane Maryam kang wus padha Ingsun pundhuti prasetya kalawan kukuh. 773)

٧- وَإِذْ أَخَذْنَا مِنَ النَّبِيِّينَ مِيثَاقَهُمْ وَمِنكَ وَمِن
نُّوحٍ وَإِبْرَاهِيمَ وَمُوسَىٰ وَعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ
وَأَخَذْنَا مِنْهُم مِّيثَاقًا غَلِيظًا ۝

Wa-idz akhadznaa minan-nabiyyiina miitsaaqahum wa minka wa min nuuhiw wa ibraahiima wa muusaa wa 'iisabni maryama wa akhadznaa minhum miitsaaqan ghaliizhaa.

8. PanjenengaNe karsa andangu 774) marang wong kang padha temen saka katemenane, lan nyawisi kanggo wong-wong kafir siksa kang lara.

٨- لِّيَسْأَلَ الصَّادِقِينَ عَن صِدْقِهِمْ ۚ وَأَعَدَّ لِلْكَافِرِينَ
عَذَابًا أَلِيمًا ۝

Liyas-alash shaadiqiina 'an shidqihim, wa a'adda lil-kaafiriina 'adzaaban aliimaa.

Allah SWT ambiyantu front kaum Muslimin ing Perang Ahzab.

9. He wong-wong Mu'min! sira padha elinga ni'mat peparinging Allah marang sira kabeh, yaiku nalikane sira katempuh wadyabala mungsuh, 775) ing kono Ingsun nuli ngutus angin lan wadyabala kang sira ora weruh, yaiku Malaikat, dene Allah iku Maha Nupiksa marang barang kang padha sira tindakake.

٩- يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اذْكُرُوا نِعْمَةَ اللَّهِ عَلَيْكُمْ إِذْ
جَاءَتْكُمْ جُنُودٌ فَأَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِيحًا وَجُنُودًا لَّمْ
تَرَوْهَا ۚ وَكَانَ اللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرًا ۝

772). Sanes sanak sanes kadang trah saking ahli waris, tiyang sanes tunggil Agami, sami-sami Muhajirin utawi Anshor, salugu mitra sinarawedi kenging nampi wasiyat saking bandha waris, sauger boten langkung saking sapratigan.

773). "Prasetya kalawan kukuh" ingkang dipun maksud kasagahan Da'wah Islam dhumateng para Ummatipun piyambak-piyambak.

774). Panjenengane Allah SWT wonten ing dinten Qiyamat badhe dialog sarta andangu langsung para Andika Nabi kadospundi anggenipun Da'wah, makaten ugi ndangu para Ummat sampun dumugi kados punapa anggenipun nindakaken Syari'at Agami Islam.

775). Inggih punika peperangan Khandak, ing palagan sakiwa tengenipun kitha Madinah dipun damel jagang lebet, panempuhing Ahzab (bergada wadyabala mengsah) sakelangkung kiyat. Allah paring pitulungan Ahzab saged kasengser dening Angin lan wadyabala Malaikat ingkang boten katingal ing mripat. Makaten suraosipun ayat: 9 - 11 ing surat kasebat.

Yaa ayyuhal ladziina aamanudz kuruu ni'matallaahi 'alaikum idz jaa-atkum junuudun fa-arsalnaa 'alaihim riihaw wa junuudal lam tarauhaa, wa kaanallaahu bimaa ta'maluuna bashiiraa.

10. Nalika mungsuh mau nempuh sira saka dhuwur lan sangisorira, lan nalika pandeleng padha pating plirik, lan ati munggah tekan tenggok, ing kono sira padha nyana Allah iku mawarna-warna!

١٠- إِذْ جَآءُوكُم مِّن فَوْقِكُمْ وَمِنْ أَسْفَلَ مِنكُمْ وَإِذْ زَاغَتِ الْأَبْصَارُ وَبَلَغَتِ الْقُلُوبُ الْحَنَاجِرَ وَتَظُنُّونَ بِاللَّهِ الظُّنُونَا ۝

Idz jaa-uukum min fauqikum wamin asfala minkum wa-idz zaaghatil abshaaru wa balaghatil quluubul hanaajira wa tazhunnuuna billaahizh zhunuunaa.

11. Ana ing kono wong-wong Mu'min padha kacoba, lan banget digonjingake atine.

١١ - هُنَالِكَ ابْتُلِيَ الْمُؤْمِنُونَ وَزُلْزِلُوا زِلْزَالًا شَدِيدًا ۝

Hunaalikab-tuliyal mu'minuuna wa zulziluu zilzaalan syadiidaa.

12. Lan elinga, nalika wong-wong munafik sarta wong kang atine ana lelarane padha ngucap: "Allah lan Rasule ora anjanji marang kita kajaba mung apus-apusan!"

١٢- وَإِذْ يَقُولُ الْمُنَافِقُونَ وَالَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ مَّا وَعَدَنَا اللَّهُ وَرَسُولُهُ إِلَّا غُرُورًا ۝

Wa-idz yaquulul munaafiquuna walladziina fii quluubihim maradhum maa wa'adanallaahu wa rasuuluhuu illaa ghuruuraa.

13. Lan nalika iku sagolongan saka wong-wong mau ngucap: "He ahli Yatsrib (Madinah), wus ora ana panggonan maneh kanggo sira ana ing peperangan, saiki padha balia!" Lan sabagean saka wong-wong mau ana kang nyuwun idzin marang ngarsane Nabi supaya bisa bali menyang Madinah sarta matur: "Saestunipun griya kula boten santosa", ing mangka sajatine omahe iku hiya wus santosa, mung karepe padha kudu mlayu!"

١٣- وَإِذْ قَالَت طَّائِفَةٌ مِّنْهُمْ يَا أَهْلَ يَثْرِبَ لَا مُقَامَ لَكُمْ فَارْجِعُوا ۚ وَيَسْتَأْذِنُ فَرِيقٌ مِّنْهُمُ النَّبِيَّ يَقُولُونَ إِنَّ بُيُوتَنَا عَوْرَةٌ ۖ وَمَا هِيَ بِعَوْرَةٍ ۖ إِن يُرِيدُونَ إِلَّا فِرَارًا ۝

Wa-idz qaalat thaa-ifatum minhum yaa ahla yatsriba laa muqaama lakum farji'uu, wa yasta'dzinu fariiqum minhumun nabiyya yaquuluuna inna buyuutanaa 'aurah, wamaa hiya bi'aurah, iy-yuriiduuna illaa firaaraa.

14. Saupama wong-wong mau katempuh dening mungsuh saka sakiwa tengening Madinah, banjur dijaluk supaya murtad (merangi wong Islam), mesthi padha gelem nindakake, lan dheweke ora padha tetep kalawan murtad mau, kajaba mung sadhela!

١٤- وَلَوْ دُخِلَتْ عَلَيْهِمْ مِّنْ أَقْطَارِهَا ثُمَّ سُئِلُوا الْفِتْنَةَ لَآتَوْهَا وَمَا تَلَبَّثُوا بِهَا إِلَّا يَسِيرًا ٥

Walau dukhilat 'alaihim min aqthaarihaa tsumma su-ilul fitnata la-aatauhaa wamaa talabbatsuu bihaa illaa yasiiraa.

15. Sadurunge iku dheweke wus padha janjean kalawan Allah yen ora bakal tinggal gelanggang acolong playu, janjining Allah bakal dipundhut katerangane (tanggung jawab)

١٥- وَلَقَدْ كَانُوا عَاهَدُوا اللَّهَ مِن قَبْلُ لَا يُوَلُّونَ الْأَدْبَارَ وَكَانَ عَهْدُ اللَّهِ مَسْئُولًا ٥

Walaqad kaanuu 'aahadullaaha min qablu laa yuwalluunal adbaar, wa kaana 'ahdullaahi mas-uulaa.

6. Dhawuha sira Muhammad: "Manawa sira mlayu saka pati utawa dipateni, playunira iku ora maedahi sira kabeh, upama bisa migunani, sira ora padha oleh kabungahan, kajaba mung sadhela!

١٦- قُل لَّن يَنفَعَكُمُ الْفِرَارُ إِن فَرَرْتُم مِّنَ الْمَوْتِ أَوِ الْقَتْلِ وَإِذًا لَّا تُمَتَّعُونَ إِلَّا قَلِيلًا ٥

Qul lay yanfa'akumul firaaru in farartum minal mauti awil qatli wa-idzal laa tumatta'uuna illaa qaliilaa.

17. Sira dhawuha maneh: "Sapa kang bisa ngreksa awakira saka Allah manawa PanjenengaNe karsa matrapake bebaya marang sira kabeh utawa karsa paring rahmat ing sira?" Lan tumrap wong-wong munafik iku ora ana wong kang bisa ngayomi lan nulungi, saliyane Allah.

١٧- قُلْ مَن ذَا الَّذِي يَعْصِمُكُم مِّنَ اللَّهِ إِنْ أَرَادَ بِكُمْ سُوءًا أَوْ أَرَادَ بِكُمْ رَحْمَةً ۚ وَلَا يَجِدُونَ لَهُم مِّن دُونِ اللَّهِ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ٥

Qul man dza!ladzii ya'shimukum minallaahi in araada bikum suu-an au araada bikum rahmah, walaa yajiduuna lahum min duunillaahi waliyyaw walaa nashiiraa.

18. Temen Allah Nguningani wong-wong kang ngalang-alangi saka sira kabeh, lan wong kang ngucap marang sadulure: "Sira kabeh padha mrenea, aja melu perang!" Dheweke ora gelem padha perang, kajaba mung sathithik.

١٨- قَدْ يَعْلَمُ اللَّهُ الْمُعَوِّقِينَ مِنكُمْ وَالْقَائِلِينَ لِإِخْوَانِهِمْ هَلُمَّ إِلَيْنَا ۖ وَلَا يَأْتُونَ الْبَأْسَ إِلَّا قَلِيلًا ٥

Qad ya'lamullaahul mu'awwiqiina minkum wal qaa-iliina li-ikhwaanihim halumma ilainaa, walaa ya'tuunal ba'sa illaa qaliilaa.

19. Wong-wong mau padha kumet marang sira, manawa katekan perkara kang memedeni, sira Muhammad sumurup wong-wong mau padha andeleng ing sira, telenge mubeng bola-bali kaya wong kang arep mati, dene manawa perkara kang memedeni mau wus ilang, banjur padha ngucap kang ora patut marang sira, tur padha kumet ing perkara bandha, wong-wong mau ora padha iman, Allah nglebur 'amale wong-wong mau, lan kang mangkono iku gampang mungguhing Allah!

١٩- أَشِحَّةً عَلَيْكُمْ ۖ فَإِذَا جَاءَ الْخَوْفُ رَأَيْتَهُمْ
يَنظُرُونَ إِلَيْكَ تَدُورُ أَعْيُنُهُمْ كَالَّذِي يُغْشَىٰ
عَلَيْهِ مِنَ الْمَوْتِ ۖ فَإِذَا ذَهَبَ الْخَوْفُ سَلَقُوكُم
بِأَلْسِنَةٍ حِدَادٍ أَشِحَّةً عَلَى الْخَيْرِ ۚ أُولَٰئِكَ لَمْ
يُؤْمِنُوا فَأَحْبَطَ اللَّهُ أَعْمَالَهُمْ ۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى
اللَّهِ يَسِيرًا ۝

Asyihhatan 'alaikum, fa-idzaa jaa-al khaufu ra-aitahum yanzhuruuna ilaika taduuru a'yunuhum kalladzii yughsyaa 'alaihi minal mauti fa-idzaa dzahabal khaufu salaquukum bi-alsinatin hidaadin asyihhatan 'alal khair, ulaa-ika 'alallaahi yasiiraa.

20. Dheweke padha ngira manawa bergada mungsuh perang iku durung budhal, lan manawa bergada mungsuh perang mau nempuh, dheweke padha seneng saupama manggon ana ing padesan banjur tetakon pawartanira. Lan samungguha wong-wong mau ngumpul kalawan sira kabeh, ora gelem padha tumandang perang, kajaba mung sathithik.

٢٠- يَحْسَبُونَ الْأَحْزَابَ لَمْ يَذْهَبُوا ۖ وَإِن يَأْتِ الْأَحْزَابُ
يَوَدُّوا لَوْ أَنَّهُم بَادُونَ فِي الْأَعْرَابِ يَسْأَلُونَ عَنْ
أَنبَائِكُمْ ۖ وَلَوْ كَانُوا فِيكُم مَّا قَاتَلُوا إِلَّا قَلِيلًا ۝

Yahsabuunal ahzaaba lam yadzhabuu, wa-in ya'til ahzaabu yawadduu lau annahum baaduuna fil a'raabi yas-aluuna 'an ambaa-ikum, walau kaanuu fiikum maa qaataluu illaa qaliilaa.

21. Yekti temen Rasulullah iku dadi tetuladan kang becik tumrap sira kabeh, yaiku kanggo wong kang ngarep-arep sowan marang ngarsane Allah lan dina Qiyamat, lan akeh elinge marang Allah.

٢١- لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِي رَسُولِ اللَّهِ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِّمَن كَانَ
يَرْجُو اللَّهَ وَالْيَوْمَ الْآخِرَ وَذَكَرَ اللَّهَ كَثِيرًا ۝

Laqad kaana lakum fii rasuulillaahi uswatun hasanatul liman kaana yarjullaaha wal yaumal aakhira wa dzakarallaaha katsiiraa.

22. Nalika wong-wong Mu'min padha sumurup bergada mungsuh perang, ing kono padha ngucap: "Lah iki, perkara kang wus dijanjekake dening Allah lan UtusaNe 776) marang kita". Lan bener Allah lan UtusaNe!

٢٢- وَلَمَّا رَأَى الْمُؤْمِنُونَ الْأَحْزَابَ قَالُوا هَٰذَا مَا وَعَدَنَا
اللَّهُ وَرَسُولُهُ وَصَدَقَ اللَّهُ وَرَسُولُهُ ۚ وَمَا زَادَهُمْ

776). Janjinipun Allah lan Rasul wau inggih punika kamenangan ing Yudha sasampunipun pinten-pinten kasangsaran ing peperangan.

Lan panempuhing bergada mungsuh perang mau ora nambahi marang wong Mu'min, kajaba tambah teguh iman lan sumarahe ing Allah!"

إِلَّآ إِيمَٰنًا وَتَسْلِيمًا ۝

Walammaa ra-al mu'minuunal ahzaaba qaaluu haadzaa maa wa'adanallaahu wa rasuuluhuu wa shadaqallaahu wa rasuuluhuu wamaa zaadahum illaa iimaanaw wa tasliimaa.

23. Sawenehe wong Mu'min, ana kang nyatakake katemenane anggone padha asesanggem marang Allah, sawenehe wong-wong mau ana kang netepi olehe perang tumekaning mati syahid, lan sawenehe maneh ana kang angantu-antu (mati syahid utawa menang) lan wong Mu'min mau ora padha gelem nyulayani janjine.

٢٣- مِّنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ رِجَالٌ صَدَقُوا۟ مَا عَٰهَدُوا۟ ٱللَّهَ عَلَيْهِ ۖ فَمِنْهُم مَّن قَضَىٰ نَحْبَهُۥ وَمِنْهُم مَّن يَنتَظِرُ ۖ وَمَا بَدَّلُوا۟ تَبْدِيلًا ۝

Minal mu'miniina rijaalun shadaquu maa 'aahadullaaha 'alaihi faminhum man qadhaa nahbahuu wa minhum may yantazhir, wamaa baddaluu tabdiilaa.

24. Allah bakal angganjar marang wong-wong kang padha temen jalaran katemenane, lan manawa dadi kaparenging karsaNe Allah nyiksa wong-wong munafik utawa nampa tobate, sanyata Allah iku Maha Ngapura, Maha Asih.

٢٤- لِّيَجْزِىَ ٱللَّهُ ٱلصَّٰدِقِينَ بِصِدْقِهِمْ وَيُعَذِّبَ ٱلْمُنَٰفِقِينَ إِن شَآءَ أَوْ يَتُوبَ عَلَيْهِمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ۝

Liyajziyallaahush shaadiqiina bishidqihim wa yu'adzdzibal munaafiqiina insyaa-a au yatuuba 'alaihim, innallaaha kaana ghafuurar rahiimaa.

25. Allah ambalekake wong-wong kafir kalawan padha ngandem napsu jengkel, jalaran ora padha bisa oleh kabecikan (kalah perang), lan Allah wus nyukupake marang wong-wong Mu'min ing peperangan, direwangi dening bergada Malaikat, lan Allah iku Maha Kuwat, Maha Gagah Prakosa.

٢٥- وَرَدَّ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِغَيْظِهِمْ لَمْ يَنَالُوا۟ خَيْرًا ۚ وَكَفَى ٱللَّهُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ٱلْقِتَالَ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ قَوِيًّا عَزِيزًا ۝

Wa raddallaahul ladziina kafaruu bighaizhihim lam yanaaluu khairaa, wa kafallaahul mu'miniinal qitaal, wa kaanallaahu qawiyyan 'aziizaa.

26. Lan PanjenengaNe Allah wus nurunake wong Ahli Kitab (Bani Quraizhah) kang nulungi wadyabala mungsuh saka bentengbentenge, lan andokoki rasa jirih ana ing atine wong-wong iku kabeh, ing kono ana sabagean kang sira pateni, lan sabagean maneh sira boyong!

٢٦- وَأَنزَلَ ٱلَّذِينَ ظَٰهَرُوهُم مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ مِن صَيَاصِيهِمْ وَقَذَفَ فِى قُلُوبِهِمُ ٱلرُّعْبَ فَرِيقًا تَقْتُلُونَ وَتَأْسِرُونَ فَرِيقًا ۝

wa anzalal ladzlina zhaaharuuhum min ahlil kitaabi min shayaashiihim wa qadzafa fii quluubihimur ru'ba fariiqan taqtuluuna wa ta'siruuna fariiqaa.

27. PanjenengaNe Allah maringi warisan kabeh, Negarane Ahli Kitab, omahe sabandhane pisan, lan isih ana maneh Bumi kang bakal kaparingake marang sira kang durung tau sira ambah, Allah iku Maha Kuwasa ing ngatase kabeh barang!

٢٧- وَأَوْرَثَكُمْ أَرْضَهُمْ وَدِيَارَهُمْ وَأَمْوَالَهُمْ وَأَرْضًا لَّمْ تَطَئُوهَا ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرًا ۝

Wa auratsakum ardhahum wa diyaarahum wa amwaalahum wa ardhal lam tatha-uuhaa, wa kaanallaaha 'alaa kulli syai-in qadiiraa.

Katamtuan-katamtuan Allah tumrap garwa Nabi.

28. Hè Nabi Muhammad! sira dhawuh marang para garwanira: "Manawa sira kabeh padha seneng ngarepake panguripan Donya lan pepaesane, mara padha mreneha, dak paringi bebungah, 777) lan banjur dak lebarake paningkahku ing sira kalawan becik-becik.

٢٨- يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ قُل لِّأَزْوَاجِكَ إِن كُنتُنَّ تُرِدْنَ الْحَيَاةَ الدُّنْيَا وَزِينَتَهَا فَتَعَالَيْنَ أُمَتِّعْكُنَّ وَأُسَرِّحْكُنَّ سَرَاحًا جَمِيلًا ۝

Yaa ayyuhan nabiyyu qul li-azwaajika in kuntunna turidnal hayaatad dun-yaa wa ziinatahaa fata'aalaina umatti'kunna wa usarrih-kunna saraahan jamiilaa.

29. Dene manawa sira ngarepake karidhaning Allah lan UtusaNe sarta kasenengan ing Akherat, sanyata Allah wus nyadhiakake ganjaran kang agung tumrap wong-wong wadon saka sira kang padha tumindak becik".

٢٩- وَإِن كُنتُنَّ تُرِدْنَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَالدَّارَ الْآخِرَةَ فَإِنَّ اللَّهَ أَعَدَّ لِلْمُحْسِنَاتِ مِنكُنَّ أَجْرًا عَظِيمًا ۝

Wa-in kuntunna turidnallaaha wa rasuulahuu waddaaral aakhirata fa-innallaaha a'adda lil muhsinaati minkunna ajran 'azhiimaa.

30. He para garwane Nabi Muhammad! sapa-sapa kang kalawan nyata nindakake laku ala saka sira kabeh, dheweke bakal kapatrapan siksa tikel pindho, mangkono iku mungguhing Allah gampang.

٣٠- يَا نِسَاءَ النَّبِيِّ مَن يَأْتِ مِنكُنَّ بِفَاحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ يُضَاعَفْ لَهَا الْعَذَابُ ضِعْفَيْنِ ۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرًا ۝

Yaanisaa-an nabiyyi may ya'ti minkunna bifaahisyatim mubayyinatiy yudhaa'af lahal 'adzaabu dhi'fain, wa kaana dzaalika 'alallaahi yasiiraa.

777). Bebungah utawi "Mut'ah" punika paweweh mana suka dhumateng tilas simahipun ingkang sampun dipun talak.

JUZ 22

٣١- وَمَنْ يَّقْنُتْ مِنْكُنَّ لِلّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَتَعْمَلْ صَالِحًا نُّؤْتِهَآ اَجْرَهَا مَرَّتَيْنِ وَاَعْتَدْنَا لَهَا رِزْقًا كَرِيْمًا ۝

31. Lan sapa-sapa saka sira kabeh garwane Nabi Muhammad ngabekti marang Allah lan UtusaNe sarta nindakake kabecikan, temen Ingsun bakal paring ganjarane kaping pindho, lan Ingsun cawisake tumrap dheweke rezeki kang mulya.

Wamay yaqnut minkunna lillaahi wa rasuulihii wa ta'mal shaalihan nu'tihaa ajrahaa marrataini wa a'tadnaa lahaa rizqan kariimaa.

٣٢- يٰنِسَآءَ النَّبِيِّ لَسْتُنَّ كَاَحَدٍ مِّنَ النِّسَآءِ اِنِ اتَّقَيْتُنَّ فَلَا تَخْضَعْنَ بِالْقَوْلِ فَيَطْمَعَ الَّذِيْ فِيْ قَلْبِهٖ مَرَضٌ وَّقُلْنَ قَوْلًا مَّعْرُوْفًا ۚ ۝

32. He para garwane Nabi Muhammad! sira kabeh iku ora padha kaya dene lumrahe wong-wong wadon, manawa sira tawqa marang Allah, sira aja padha andakik-andakikake [778] ucapan marang wong-wong lanang, jalaran ing mengko wong-wong lanang kang ana lelarane atine [779] padha nduweni pengarep-arep, lan sira ngucapna ucapan kang becik.

Yaa nisaa-an nabiyyi lastunna ka-ahadim minan nisaa-i inittaqaitunna falaa takhdha'na bil qauli fayathma'al ladzii fii qalbihii maradhuw wa qulna qaulam ma'ruufaa.

٣٣- وَقَرْنَ فِيْ بُيُوْتِكُنَّ وَلَا تَبَرَّجْنَ تَبَرُّجَ الْجَاهِلِيَّةِ الْاُوْلٰى وَاَقِمْنَ الصَّلٰوةَ وَاٰتِيْنَ الزَّكٰوةَ وَاَطِعْنَ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ ۭ اِنَّمَا يُرِيْدُ اللّٰهُ لِيُذْهِبَ عَنْكُمُ الرِّجْسَ اَهْلَ الْبَيْتِ وَيُطَهِّرَكُمْ تَطْهِيْرًا ۚ ۝

33. Sira kabeh padha ngulinakna tetep manggon ana ing omahira, lan aja pisan-pisan ngatonake pepaesira kaya dene kalakuane wong-wong jahiliyah biyen, lan sira padha nindakna Shalat sarta aweha Zakat, mangkono uga padha bektia marang Allah lan UtusaNe. Sanyata Allah karsa angilangake kekotoran saka ahli bait kulawargane Rasulullah s.a.w. lan nyucekake sira kabeh kalawan temen-temen.

Wa qarna fii buyuutikunna walaa tabarrajna tabarrajal jaahiliyyatil uulaa wa aqimnash shalaata wa aatiinaz zakaata wa athi'nallaaha wa rasuulah, innamaa yuriidullaahu liyudzhiba 'ankumur rijsa ahlal baiti wa yuthahhirakum tath-hiiraa.

---

778). Tiyang estri sampun ngantos ngandikan kaliyan tiyang jaler sanes ingkang saged nuwuhaken kapilut manahipun tiyang jaler sanes wau.

779). Tiyang jaler ingkang dhasaripun bathuk klimis (sering mbeda tiyang estri sanes ingkang sakinten purun sedheng) badhe tambah galak manawi angsal gineman blater saking tiyang estri. Dados suraosing ayat punika supados para Mu'minat utawi Muslimat manawi ngandikan ingkang bares sarta sae-sae! Sabab suwantenipun wanodya punika saged mencudaken tiyang jaler. Pramila etika pasrawungan wiwit ing S.D., S.L.A., lan Universitas ingkang ngrengkuh kasusilaning pasrawunganipun Wanita Indonesia, ingkang kaloka alus ing budi, kedah kajagi kamurnianipun, katebihna ing sambekala, dhasaripun wanita punika ringkih, sampun ngantos gampil kenging bujuk lan rayu! . . . . . pager ayu!!
Makaten suraosing ayat: 31 - 34 wallaahua'lam bissawab.

٣٤- وَاذْكُرْنَ مَا يُتْلَىٰ فِي بُيُوتِكُنَّ مِنْ آيَاتِ اللَّهِ وَالْحِكْمَةِ ۚ إِنَّ اللَّهَ كَانَ لَطِيفًا خَبِيرًا ۝

34. Lan sira kabeh padha elinga ing Ayat-Ayate Allah lan kawicaksanaNe (hikmah sunnah Nabinira), sanyata Allah iku Maha Alus, Maha Waspada.

Wadzkurna maa yutlaa fii buyuutikunna min aayaatillaahi wal hikmah, innallaaha kaana lathiifan khabiiraa.

Sipat-sipate wong kang padha Mu'min lan kuwajibane marang Rasul.

٣٥- إِنَّ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْقَانِتِينَ وَالْقَانِتَاتِ وَالصَّادِقِينَ وَالصَّادِقَاتِ وَالصَّابِرِينَ وَالصَّابِرَاتِ وَالْخَاشِعِينَ وَالْخَاشِعَاتِ وَالْمُتَصَدِّقِينَ وَالْمُتَصَدِّقَاتِ وَالصَّائِمِينَ وَالصَّائِمَاتِ وَالْحَافِظِينَ فُرُوجَهُمْ وَالْحَافِظَاتِ وَالذَّاكِرِينَ اللَّهَ كَثِيرًا وَالذَّاكِرَاتِ أَعَدَّ اللَّهُ لَهُمْ مَغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا ۝

35. Sanyata wong-wong lanang lan wadon kang padha Muslim,780) wong-wong lanang lan wadon kang padha Mu'min, wong-wong lanang lan wadon kang padha ta'at bekti, wong-wong lanang lan wadon kang padha temen, wong-wong lanang lan wadon kang padha sabar, wong-wong lanang lan wadon kang padha khusyu', wong-wong lanang lan wadon kang padha sedhekah, wong-wong lanang lan wadon kang padha puasa, wong-wong lanang lan wadon kang ngreksa farjine, wong-wong lanang lan wadon kang padha akeh olehe nyebut (elinge) asma Allah, iku Gusti Allah wus nyawisake tumrap wong mau pangapura lan ganjaran kang agung.

Innal muslimiina wal muslimaati wal mu'miniina wal mu'minaati wal qaanitiina wal qaanitaati wash-shaadiqiina wash-shaadiqaati wash-shaabiriina wash-shaabiraati wal khaasyi'iina wal khaasyi'aati wal mutashaddiqiina wal mutashaddiqaati wash-shaa-imiina wash-shaaimaati wal haafidziina furuujahum wal haafizhaati wadzdzaakiriinal laaha katsiiraw wadzdzaakiraati a'adda lahum maghfirataw wa ajran 'azhiimaa.

٣٦- وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ وَلَا مُؤْمِنَةٍ إِذَا قَضَى اللَّهُ وَرَسُولُهُ أَمْرًا أَنْ يَكُونَ لَهُمُ الْخِيَرَةُ مِنْ أَمْرِهِمْ ۗ وَمَنْ يَعْصِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَالًا مُبِينًا ۝

36. Lan ora samesthine (patut) tumrap wong-wong Mu'min lanang, lan wong-wong Mu'min wadon, manawa Allah lan UtusaNe wus mutusake perkara, dheweke banjur padha duwe karep dhewe milih kang dadi urusane dhewe. Sapa bae kang duraka marang Allah lan UtusaNe, temen dheweke wus sasar, nyata sasare!

Wamaa kaana limu'miniw walaa mu'minatin idzaa qadhallaahu wa rasuuluhuu amran ay yakuuna lahumul khiyaratu min amrihim, wamay ya'shillaahu wa rasuulahuu faqad dhalla dhalaalam mubiinaa.

780). "Muslim" punika tiyang ingkang ndherek dhawuh sarta nilar awisan ing tata lahiripun. Dene "Mu'min" punika tiyang ingkang angleresaken punapa ingkang samesthinipun dipun leresaken dening manahipun.

Miturut pernatan hukum syari'at Islam anak angkat iku ora padha karo anak dikandhut!

37. Lan nalika sira Muhammad ngucap marang wong kang wus diparingi ni'mat dening Allah lan dening sira si Zaid 781) "Tahanen bojonira aja dipegat, lan wedia marang Allah ana ing perkarane bojonira Zainab". Lan sira Muhammad ngumpetake ana ing atinire barang kang bakal dilahirake dening Allah, sira wedi marang manungsa, ing mangka Allah iku luwih haq kudu sira wedeni. Bareng Zaid wus mutusake talaq marang Zainab, Ingsun nuli ngrabekake (nikahake) sira marang Zainab (randhane Zaid), kang mangkono iku supaya ora ana rasa abot tumrap wong-wong Mu'min ngrabi tilas bojone anak angkat manawa dheweke wus padha mutusake talaq marang bojone. Lan perkarane Allah iku manawa dikarsakake mesthi hiya kaleksanan!

٣٧- وَإِذْ تَقُولُ لِلَّذِي أَنْعَمَ اللَّهُ عَلَيْهِ وَأَنْعَمْتَ عَلَيْهِ
أَمْسِكْ عَلَيْكَ زَوْجَكَ وَاتَّقِ اللَّهَ وَتُخْفِي فِي نَفْسِكَ
مَا اللَّهُ مُبْدِيهِ وَتَخْشَى النَّاسَ وَاللَّهُ أَحَقُّ أَنْ
تَخْشَاهُ فَلَمَّا قَضَى زَيْدٌ مِنْهَا وَطَرًا زَوَّجْنَاكَهَا لِكَيْ
لَا يَكُونَ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ حَرَجٌ فِي أَزْوَاجِ أَدْعِيَائِهِمْ
إِذَا قَضَوْا مِنْهُنَّ وَطَرًا وَكَانَ أَمْرُ اللَّهِ مَفْعُولًا ٥

Wa-idz taquulu lilladzii an'amallaahu 'alaihi wa an'amta 'alaihi amsik 'alaika zaujaka wattaqil laaha wa tukhfii fii nafsika mallaahu mubdihii wa takhsyan naasa wallaahu ahaqqu an takhsyaahu, falammaa qadhaa zaidum minhaa watharan zawwajnaakahaa likailaa yakuuna 'alal mu'miniina harajun fii azwaaji ad'iyaa-ihim idzaa qadhau minhunna watharaa, wakaana amrullaahi maf'uulaa.

38. Ora pantes tumraping Nabi ngrasa abot ing perkara kang wus dihalalake lan diwajibake dening Allah marang Muhammad, yaiku ngrabeni tilas bojone anake angkat, kang mangkono iku pernatan hukume Allah kang wus kelakon ana ing para andika Nabi kang wus kapungkur sadurunge Muhammad, lan pernatan hukume Allah iku hukum kang tetep!

٣٨- مَا كَانَ عَلَى النَّبِيِّ مِنْ حَرَجٍ فِيمَا فَرَضَ اللَّهُ لَهُ سُنَّةَ
اللَّهِ فِي الَّذِينَ خَلَوْا مِنْ قَبْلُ وَكَانَ أَمْرُ اللَّهِ قَدَرًا
مَقْدُورًا ٥

Maa kaana 'alan nabiyyi min harajin fiimaa faradhallaahulahuu sunnatallaahi filladziina khalau min qablu, wa kaana amrullaahi qadaram maqduuraa.

39. Yaiku wong-wong kang nekakake risalah-risalah (dhawuh-dhawuhing) Allah, sarta padha taqwa marang PanjenengaNe, lan ora wedi marang sawiji-wiji kajaba Allah! Lan wus cukup Allah piyambak kang ngetung kabeh amale para kawulaNe!

٣٩- الَّذِينَ يُبَلِّغُونَ رِسَالَاتِ اللَّهِ وَيَخْشَوْنَهُ وَلَا يَخْشَوْنَ
أَحَدًا إِلَّا اللَّهَ وَكَفَى بِاللَّهِ حَسِيبًا ٥

Alladziina yuballighuuna risaalaatillaahi wa yakhsyaunahuu walaa yakhsyauna ahadan illallaah, wakafaa billaahi hasiibaa.

781). Ingkang dipun kersakaken kaparingan ni'mat dening Allah punika Zaid bin Haritsah, manahipun tinarbuka lumebet Islam, malah kapundhut putra pupon (angkat) dening Kanjeng Nabi s.a.w., lan randhanipun nama Zainab kagarwa dening Rasulullah s.a.w. Dados randha saking putra pupon halal dipun nikah. Makaten suraosing ayat: 37 - 40'

40. Muhammad iku dudu babar-pisan Bapakne sawijining wong lanang saka sira,ananging UtusaNe Allah, lan panutuping kabeh Nabi, lan Allah iku Maha Nguningani ing kabeh perkara.

٤٠- مَا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَآ أَحَدٍ مِّن رِّجَالِكُمْ وَلَٰكِن رَّسُولَ اللَّهِ وَخَاتَمَ النَّبِيِّينَ ۗ وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ۝

Maa kaana muhammadun abaa ahadim mir rijaalikum walaakir rasuulallaahi wa khaataman nabiyyiin, wa kaanallaahu bikulli syai-in 'aliimaa.

Kuwajiban tansah eling ing Allah.

41. He wong kang padha Mu'min! Sira padha tansah elinga ing Allah, eling kang akeh!

٤١- يَٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اذْكُرُوا اللَّهَ ذِكْرًا كَثِيرًا ۝

Yaa ayyuhal lad'ziina aamanudz kurullaaha dzikran katsiiraa.

42. Lan maha nucekna ing PanjenengaNe ana ing waktu esuk lan sore.

٤٢- وَسَبِّحُوهُ بُكْرَةً وَأَصِيلًا ۝

Wa sabbihuuhu bukratan wa ashiilaa.

43. Hiya PanjenengaNe kang paring rahmat marang sira kabeh, lan MalaikaTe kang nyuwunake pangapura kanggo sira, supaya PanjenengaNe karsa ngetokake sira kabeh saka pepeteng marang pepadhang. Lan PanjenengaNe iku Maha Asih marang wong-wong kang padha Mu'min.

٤٣- هُوَ الَّذِي يُصَلِّي عَلَيْكُمْ وَمَلَٰٓئِكَتُهُۥ لِيُخْرِجَكُم مِّنَ الظُّلُمَٰتِ إِلَى النُّورِ ۚ وَكَانَ بِالْمُؤْمِنِينَ رَحِيمًا ۝

Huwal ladzii yushallii 'alaikum wa malaa-ikatuhuu liyukhrijakum minazh zhulumaati ilan nuuri wa kaana bil mu'miniina rahiimaa.

44. Pakurmatane wong-wong mau ing besuk dinane sowan marang PanjenengaNe ucapan "Salam", lan PanjenengaNe wus nyawisake tumrap wong-wong mau ganjaran kang mulya.

٤٤- تَحِيَّتُهُمْ يَوْمَ يَلْقَوْنَهُۥ سَلَٰمٌ ۚ وَأَعَدَّ لَهُمْ أَجْرًا كَرِيمًا ۝

Tahiyyatuhum yauma yalqaunahuu salaamun wa a'adda lahum ajran kariimaa.

Muhammad s.a.w. iku Rasulullah tumrap kabeh ummat manungsa!

45. He Nabi! Temen Ingsun wus ngutus ing sira supaya dadi saksi, lan aweh pawarta bungah lan pawarta susah.

٤٥- يَٰٓأَيُّهَا النَّبِيُّ إِنَّآ أَرْسَلْنَٰكَ شَاهِدًا وَمُبَشِّرًا وَنَذِيرًا ۝

Yaa ayyuhan nabiyyu innaa arsalnaaka syaahidaw wa mubasysyiraw wa nadziiraa.

٤٦- وَدَاعِيًا إِلَى اللَّهِ بِإِذْنِهِ وَسِرَاجًا مُّنِيرًا ○

Wa daa'iyan ilallaahi bi-idznihii wa siraajam muniiraa.

46. Lan ajak-ajak marang Agamane Allah kalawan idzine, lan dadi damar kang madhangi.

٤٧- وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِينَ بِأَنَّ لَهُم مِّنَ اللَّهِ فَضْلًا كَبِيرًا ○

Wa basysyiril mu'miniina bi-anna lahum minallaahi fadhlan kabiiraa.

47. Lan sira ambebungaha wong-wong kang padha Mu'min, yen satemene dheweke bakal padha nampa kanugrahan gedhe saka Allah.

٤٨- وَلَا تُطِعِ الْكَافِرِينَ وَالْمُنَافِقِينَ وَدَعْ أَذَاهُمْ وَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ وَكَفَى بِاللَّهِ وَكِيلًا ○

Walaa tuthi'il kaafiriina wal munaafiqiina wada' adzaahum wa tawakkal 'alallaah, wakafaa billaahi wakiilaa.

48. Lan sira aja pisan-pisan manut miturut ing wong kafir, lan wong-wong munafik, aja sira gatekake pamilarane (rerusuhe) wong-wong mau ing sira, lan sumaraha marang Allah, lan wus cukup marang Allah kang pinasrahan!

Wanita kang ditalaq durung saresmi ora nganggo 'iddah, nanging kudu diwenehi bebungah.

٤٩- يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا نَكَحْتُمُ الْمُؤْمِنَاتِ ثُمَّ طَلَّقْتُمُوهُنَّ مِن قَبْلِ أَن تَمَسُّوهُنَّ فَمَا لَكُمْ عَلَيْهِنَّ مِنْ عِدَّةٍ تَعْتَدُّونَهَا ۖ فَمَتِّعُوهُنَّ وَسَرِّحُوهُنَّ سَرَاحًا جَمِيلًا ○

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa nakahtumul mu'minaati tsumma thallaqtumuuhunna min qabli an tamassuuhunna famaa lakum 'alaihinna min 'iddatin ta'tadduunahaa famatti'uuhunna wa sarrihuu hunna saraahan jamiilaa.

49. He wong kang padha Mu'min! manawa sira nikah karo wong-wong Mu'min wadon, banjur sira pegat (talaq) sadurunge saresmi, satemene dheweke ora padha anduweni 'iddah kang sira etung marang dheweke, mangka sira padha aweha kasenengan (bebungah) marang wong-wong wadon mau, 782) wujud bandha sakadare, lan nglepasna wong-wong wadon mau kalawan becik-becik.

Wanita kang halal dinikah.

٥٠- يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ إِنَّا أَحْلَلْنَا لَكَ أَزْوَاجَكَ اللَّاتِي آتَيْتَ أُجُورَهُنَّ وَمَا مَلَكَتْ يَمِينُكَ مِمَّا أَفَاءَ اللَّهُ عَلَيْكَ وَبَنَاتِ عَمِّكَ وَبَنَاتِ عَمَّاتِكَ وَبَنَاتِ خَالِكَ وَبَنَاتِ خَالَاتِكَ اللَّاتِي هَاجَرْنَ مَعَكَ وَامْرَأَةً مُّؤْمِنَةً إِن

50. He Nabi, temen Ingsun wus ngalalake kanggo sira bojo-bojonira kang wus sira wenehi maskawin, lan wong wadon jariyah kang wus dimiliki dening Allah marang sira, lan anak-anake Pamanira, lan anak-anake Bibinira, lan anak-anake Uwakira lanang, lan anak-anake Uwakira wadon kang wus padha andherek hijrah kalawan sira, lan

782). Mirsanana katerangan ayat: 28.

wong wadon Mu'min kang nyaosake bandhane marang Nabi manawa Nabi karsa ngawin dheweke. Mangkono iku mligi kanggo sira thok! dudu kanggo wong-wong Mu'min. Temen Ingsun wus Nguningani ing barang kang wus Ingsun wajibake tumrap wong-wong Mu'min mau ana ing bojo-bojone lan wong wadon jariyah kang wus dadi milike, supaya ora andadekake rasa abot tum mrap sira, lan Allah iku Maha Ngapura, Maha Asih.

وَوَهَبَتْ نَفْسَهَا لِلنَّبِيِّ إِنْ أَرَادَ النَّبِيُّ أَنْ يَسْتَنْكِحَهَا
خَالِصَةً لَّكَ مِنْ دُونِ الْمُؤْمِنِينَ ۖ قَدْ عَلِمْنَا مَا
فَرَضْنَا عَلَيْهِمْ فِي أَزْوَاجِهِمْ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ
لِكَيْلَا يَكُونَ عَلَيْكَ حَرَجٌ ۗ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَّحِيمًا ۝

Yaa ayyuhan nabiyyu innaa ahlalnaa laka azwaajakal laatii aataita ujuurahunna wamaa malakat yamiinuka mim maa afaa-allaahu 'alaika wa banaati 'ammika wa banaati 'ammaatika wa banaati khaalika wa banaati khaalaatikal laatii haajarna ma'aka wamra-atam mu'minatan iw-wahabat nafsahaa linnabiyyi in araadan nabiyyu ay yastankihahaa khaalishatal laka min duunil mu'miniin, qad 'alimnaa maa faradhnaa 'alaihim fii azwaajihim wamaa malakat aimaanuhum likailaa yakuuna 'alaika haraj, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

Nabi pareng milih ing antarane garwa-garwane, endi kang terus digarwa lan endi kang diluwari.

51. Sira Muhammad! wenang (diparengake dening Allah) ora terus anggarwa garwanira kang sira karepake, lan uga wenang terus anggarwa garwanira kang sira karepake. 783) lan ora dosa tumrap sira anggarwa maneh (ruju') sapa bae kang wus sira luwari (tinggalake) Wewenang mangkono iku luwih cedhak nyenengake marang para garwanira. lan ora banget-banget anggone nyusahake, lan sakabehane lega-lila marang apa kang sira wenehake marang dheweke, lan Allah iku Nguningani apa kang ana ing sajeroning atiatinira, lan Allah iku Maha Ngudaneni, Maka Sabar-Aris!.

٥١ - تُرْجِي مَنْ تَشَاءُ مِنْهُنَّ وَتُؤْوِي إِلَيْكَ مَنْ تَشَاءُ ۖ
وَمَنِ ابْتَغَيْتَ مِمَّنْ عَزَلْتَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكَ ۚ ذَٰلِكَ
أَدْنَىٰ أَنْ تَقَرَّ أَعْيُنُهُنَّ وَلَا يَحْزَنَّ وَيَرْضَيْنَ بِمَا
آتَيْتَهُنَّ كُلُّهُنَّ ۗ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا فِي قُلُوبِكُمْ ۚ وَكَانَ
اللَّهُ عَلِيمًا حَلِيمًا ۝

Turjii man tasyaa-u minhunna wa tu'wii ilaika man tasyaa', wa manibta ghaita mimman 'azalta falaa junaaha 'alaika, dzaalika adnaa an taqarra a'yunuhunna walaa yahzanna wa yardhaina bimaa aataitahunna kulluhunna, wallaahu ya'lamu maa fii quluubikum, wa kaanallaahu 'aliiman hakiimaa.

783). Miturut riwayat, saking Hadist Bukhory, bilih para garwanipun Rasulullah s.a.w. wonten ingkang sujana (butarepan), lan wonten ingkang nyuwun tambah blanja, Rasulullah s.a.w. misah ngantos sewulan. Para garwa lajeng sami sowan, kuwatos dipun talak, lan pasrah nyumanggakaken kersanipun Kanjeng Nabi, punapa kemawon kaputusanipun lega lila. Ing wusana tumurun wahyu punika. Suraosipun Allah sampun paring izin kados kasebat ing ayat punika.

Nabi ora pareng nikah maneh, sawuse tumurune ayat iki!

52. Ora halal tumrap sira Muhammad nikah wong wadon liya maneh, sanajan kabecikaning rupane andadekake gumunira, kajaba wong wadon batur tukon (amat) milikira. Lan Allah iku tansah mriksani marang kabeh barang (kahanan).

٥٢- لَا يَحِلُّ لَكَ النِّسَآءُ مِنْ بَعْدُ وَلَآ اَنْ تَبَدَّلَ بِهِنَّ
مِنْ اَزْوَاجٍ وَّلَوْ اَعْجَبَكَ حُسْنُهُنَّ اِلَّا مَا مَلَكَتْ
يَمِيْنُكَ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ رَّقِيْبًا ۝

Laa yahillu lakan nisaa-u mim ba'du walaa an tabaddala bihinna min azwaajiw walau a'jabaka husnuhunna illaa maa malakat yamiinuka, wa kaanallaahu 'alaa kulli syai-ir raqiibaa.

Tatatrapsila ing bale-griya Nabi s.a.w.

53. He wong kang padha Mu'min! aja pisan-pisan sira padha lumebu ing daleme Nabi, kajaba sira diwenehi idzin bakal disuguh pangan, ora perlu ngenteni matenging dhedhaharan, 784) ananging manawa sira padha ditimbali, sira padha lumebua, manawa wus rampung dhahar, sira tumuli padha budhala! 785) aja banjur padha lelungguhan perlu omong-omongan, satemene kang mangkono mau makewuhi tumrap Nabi, dheweke banjur rikuh marang sira kabeh andhawuhi supaya sira padha lunga! Nanging Allah ora lingsem saka kebeneran! Manawa sira padha pitakon sawijining perkara marang para garwane Nabi, sira takona saka saburining aling-aling, 786) kang mangkono iku luwih suci tumrap ati-atinira lan ati-atine para garwa mau. Lan ora kena sira gawe sengkeling penggalihe Rasulullah, lan ora kena sira nikah garwa-garwane sawuse sedaNe Nabi salawase, jalaran kang mangkono iku dosa gedhe mungguhing Allah!

٥٣- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَدْخُلُوْا بُيُوْتَ النَّبِيِّ اِلَّآ اَنْ
يُّؤْذَنَ لَكُمْ اِلٰى طَعَامٍ غَيْرَ نٰظِرِيْنَ اِنٰىهُ ۙ وَلٰكِنْ
اِذَا دُعِيْتُمْ فَادْخُلُوْا فَاِذَا طَعِمْتُمْ فَانْتَشِرُوْا وَ
لَا مُسْتَاْنِسِيْنَ لِحَدِيْثٍ ۗ اِنَّ ذٰلِكُمْ كَانَ يُؤْذِى
النَّبِيَّ فَيَسْتَحْيٖ مِنْكُمْ ۚ وَاللّٰهُ لَا يَسْتَحْيٖ مِنَ الْحَقِّ ۗ
وَاِذَا سَاَلْتُمُوْهُنَّ مَتَاعًا فَسْـَٔلُوْهُنَّ مِنْ وَّرَآءِ حِجَابٍ ۗ
ذٰلِكُمْ اَطْهَرُ لِقُلُوْبِكُمْ وَقُلُوْبِهِنَّ ۗ وَمَا كَانَ لَكُمْ
اَنْ تُؤْذُوْا رَسُوْلَ اللّٰهِ وَلَآ اَنْ تَنْكِحُوْٓا اَزْوَاجَهٗ مِنْ
بَعْدِهٖٓ اَبَدًا ۗ اِنَّ ذٰلِكُمْ كَانَ عِنْدَ اللّٰهِ عَظِيْمًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tadkhuluu buyuutan nabiyyi illaa ay-yu'dzana lakum ilaa tha'aamin ghaira naazhiriina inaahu walaakin idzaa du'iitum fad-khuluu fa-idzaa tha'imtum fantasyiruu walaa musta'nisiina lihadiits, inna dzaalikum kaana yu'dzin nabiyya fayastahyii minkum wallaahu laa yastahyii minal haqq, wa-idzaa sa-altumuuhunna mataa'an fas-aluuhunna miw-waraa-i hijaab, dzaalikum ath-haru liquluubikum wa quluubihinna, wamaa kaana lakum

784). Boten pareng ngepas mertamu ing dalemipun Rasulullah s.a.w. wekdalipun badhe tata dhahar!

785). Maksudipun sasampunipun rampung kasegah dhaharan, enggal nyuwun pamit, boten prayogi taksih lenggah-lenggah sinambi ngendikan.

786). Artosipun antawisipun para garwa Nabi s.a.w kaliyan tiyang umum kedah ngangge aling-aling.

an tu'dzuu rasuulallaahi walaa an tankihuu azwaajahuu mim ba'dihii abadaa, inna dzaalikum kaana 'indallaahi 'azhiimaa.

54. Manawa sira nglahirake sawiji-wiji utawa ngumpetake, 787) sanyata Allah iku Maha Ngudaneni ing kabeh perkara.

٥٤- إِنْ تُبْدُوا شَيْئًا أَوْ تُخْفُوهُ فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ٥

In tubduu syai-an au tukhfuuhu fa-innallaaha kaana bikulli syai-in 'aliimaa.

55. Ora dosa tumrap garwa-garwane Nabi aninggalake hijab aling-aling, marang Bapak-Bapakne, 788) Anak-Anake lanang, Sadulur-Sadulure lanang, Anak-Anake lanang Sadulur lanang, lan Anak-Anake lanang Sadulur wadon, wong-wong wadon Islam lan 'abid (batur tukon) kang wus dimiliki. Lan sira para garwane Nabi wedia marang Allah, 789) sanyata Allah iku Maha Nyekseni ing sak - behing barang!

٥٥- لَا جُنَاحَ عَلَيْهِنَّ فِي آبَائِهِنَّ وَلَا أَبْنَائِهِنَّ وَلَا إِخْوَانِهِنَّ وَلَا أَبْنَاءِ إِخْوَانِهِنَّ وَلَا أَبْنَاءِ أَخَوَاتِهِنَّ وَلَا نِسَائِهِنَّ وَلَا مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُنَّ وَاتَّقِينَ اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدًا ٥

Laa junaaha 'alaihinna fii aabaa-ihinna walaa abnaa-ihinna walaa ikhwaanihinna walaa abnaa-i ikhwaanihinna walaa abnaa-i akhawaatihinna walaa nisaa-ihinna walaa maa malakat aimaanuhunna, wattaqiinallaah, innallaaha kaana 'alaa kulli syai-in syahiidaa.

56. Sanyata Allah lan para Malaikate padha maca selawat marang Nabi Muhammad, 790) he wong kang padha Mu'min, sira padha nyuwuna rahmat lan karaharjan (salam) kanggo dheweke kalayan temenan. 791)

٥٦- إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا ٥

Innallaaha wa malaa-ikatahuu yushalluuna 'alan nabiyyu yaa ayyuhal ladziina aamanuu shalluu 'alaihi wa sallimuu tasliimaa.

---

787). Dhawuhing ayat punika nyindhir tiyang ingkang cara sesidheman utawi sarana blaka suta kepengin badhe ngrabi randha-randhanipun Nabi s.a.w.

788). Para garwa Nabi s.a.w. kenging pinanggihan kaliyan para Bapak-Bapakipun, salajengipun kados kasebat.

789). Supados para garwa Nabi s.a.w. sami taqwa ing Allah wonten perkawis angreksa ing sliranipun piyambak dadosa suri tuladhan ingkang utama tumrap para wanita Islam sadaya!

790). Allah maos shalawat kangge Nabi s.a.w. maksudipun, paring Berkah lan Rahmat; manawi para malaikat maos shalawat artosipun ndongakaken utawi nyuwunaken Rahmat.

791). Dene lapalipun maos shalawat punika kados dene Rasulullah s.a.w. mucal kita maos Attahiyat: "Allahumma shalli 'alaa Muhammadin . . . . . ". Manawi lapalipun maos salam (karaharjan) punika: "Assalamu 'alaika ayyuhan Nabi", ugi kados dene ing Attahiyat, sarta maosipun kedah ingkang saestu, tegesipun maos kasarengan dipun mangertosi maksudipun.

57. Sanyata wong-wong kang nyerikake Allah lan Utusane, 792) Allah ngelaknat wong-wong mau ana ing Donya lan Akherat, lan PanjenengaNe nyawisake siksa kang asor tumrap dheweke.

٥٧- إِنَّ الَّذِينَ يُؤْذُونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ لَعَنَهُمُ اللَّهُ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ وَأَعَدَّ لَهُمْ عَذَابًا مُهِينًا ٥

Innalladziina yu'dzuunallaaha wa rasuulahuu la'anahumullaahu fiddun-yaa wal aakhirati wa a'adda lahum 'adzaabam muhiinaa.

58. Dene wong-wong kang gawe serike wong kang padha Mu'min, priya lan wanita, ing mangka dheweke ora padha nindakake perkara kang nyebabake kudu diserikake, 793) sanyata wong-wong kang nyerikake mau wus anggawa goroh lan dosa kang tetela!

٥٨- وَالَّذِينَ يُؤْذُونَ الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ بِغَيْرِ مَا اكْتَسَبُوا فَقَدِ احْتَمَلُوا بُهْتَانًا وَإِثْمًا مُبِينًا ٥

Walladziina yu'dzuunal mu'miniina wal mu'minaati bighairi maktasabuu faqadihtamaluu buhtaanaw wa itsmam

59. He Nabi! sira dhawuha marang para garwanira lan anakira wadon lan para bojone wong kang padha Mu'min, supaya padha ngulurake kudhunge! Kang mangkono iku luwih gampang kinaweruhan dening wong-wong lanang banjur ora dimunasika (dibebeda), lan Allah iku Maha Ngapura, Maha Asih. 794)

٥٩- يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ قُلْ لِأَزْوَاجِكَ وَبَنَاتِكَ وَنِسَاءِ الْمُؤْمِنِينَ يُدْنِينَ عَلَيْهِنَّ مِنْ جَلَابِيبِهِنَّ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰ أَنْ يُعْرَفْنَ فَلَا يُؤْذَيْنَ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا ٥

Yaa ayyuhan nabiyyu qul li-azwaajika wa banaatika wa nisaa-il mu'miniina yudniina 'alaihinna min jalaabii bihinna, dzaalika adnaa ay yu'rafna falaa yu' dzaini, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

Ancaman tumrap wong munafik lan wong kang gawe rerusuh ing Madinah.

60. Sanyata samungguha wong-wong munafik lan wong-wong kang atine ana lelarane, lan wong kang niti-niti cacade wong-wong

٦٠- لَئِنْ لَمْ يَنْتَهِ الْمُنَافِقُونَ وَالَّذِينَ فِي قُلُوبِهِمْ مَرَضٌ وَالْمُرْجِفُونَ فِي الْمَدِينَةِ لَنُغْرِيَنَّكَ بِهِمْ ثُمَّ لَا

792). Maksudipun ngalang-alangi kemajenganipun Agami Islam, piyambakipun badhe dongakaken para Malaikat, supados Allah matrapaken piwales dipun siksa ing Donya lan Akheratipun.

793). Inggih punika damel fitnah utawi kabar goroh, upami ngabaraken bilih tiyang-tiyang Mukmin sami badhe medhot pasedherekan, mangka estunipun boten, malah ingkang ngabaraken wau ingkang badhe culika!

794). Damel modeste kagem Wanita Islam punika prayogi sanget, supados selaras tindak tanduk lan agemanipun saged angejawantahaken kepribadian Wanita Islam ingkang Khas Indonesia. Upami selendang utawi kudhung punika Khas Seni ageman Bangsa kita ingkang selaras lan Syari'at Agami, inggih punika kudhung wau kagem ageman ing sirah supados nutup rikma.

Mu'min ing Madinah 795) ora gelem padha leren saka tindak ala, yekti Ingsun bakal nguwatake sira supaya merangi wong-wong mau kalawan kekerasan, wong-wong mau banjur ora bisa tetanggan maneh kalawan sira ing Madinah, kajaba mung sadhela!

لَئِن لَّمْ يَنتَهِ الْمُنَافِقُونَ وَالَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ وَالْمُرْجِفُونَ فِي الْمَدِينَةِ لَنُغْرِيَنَّكَ بِهِمْ ثُمَّ لَا يُجَاوِرُونَكَ فِيهَا إِلَّا قَلِيلًا ۝

La-illam yantahil munaafiquuna wal-ladziina fii quluubihim maradhuw wal murjifuuna fil madiinati lanughriyannaka bihim tsumma laa yujaawiruunaka fiihaa illaa qaliilaa.

61. Kabeh kena laknat, ana ngendi bae tinemune wong-wong mau dicekel lan dipateni!

مَّلْعُونِينَ ۖ أَيْنَمَا ثُقِفُوا أُخِذُوا وَقُتِّلُوا تَقْتِيلًا ۝ ٦١

Mal'uuniin, ainamaa tsuqifuu ukhidzuu wa quttiluu taqtiilaa.

62. Mangkono iku sunnah hukume Allah kang wus tumindak ana ing wong-wong kina jaman biyen kang wus kapungkur, lan sira Muhammad ora bisa nemu owah-owahan ana ing sunnah hukume Allah.

سُنَّةَ اللَّهِ فِي الَّذِينَ خَلَوْا مِن قَبْلُ ۖ وَلَن تَجِدَ لِسُنَّةِ اللَّهِ تَبْدِيلًا ۝ ٦٢

Sunnatallaahi filladziina khalau min qablu walan tajida lisunnatillaahi tabdiilaa.

Hamung Allah pribadi kang Nupiksa dina manungsa ditangekake saka kubur!

63. Manungsa padha pitakon marang sira perkara dina manungsa ditangekake saka kubur, dhawuha sira Muhammad: "Sanyata kang Nguningani dina Qiyamat iku mung Allah pribadi". Apa sira sumurup, mbok manawa dina Qiyamat iku wus cedhak!

يَسْأَلُكَ النَّاسُ عَنِ السَّاعَةِ ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِندَ اللَّهِ ۚ وَمَا يُدْرِيكَ لَعَلَّ السَّاعَةَ تَكُونُ قَرِيبًا ۝ ٦٣

Yas-alukan naasu 'anissaa'ati qul innamaa 'ilmuhaa 'indallaah, wamaa yudriika la'allas saa'ata takuunu qariibaa.

64. Sanyata Allah wus ngelaknat marang wong-wong kafir lan PanjenengaNe wus nyadhiakake Neraka Sa'ir kanggo wong-wong mau.

إِنَّ اللَّهَ لَعَنَ الْكَافِرِينَ وَأَعَدَّ لَهُمْ سَعِيرًا ۝ ٦٤

Innallaaha la'anal kaafiriina wa a'adda lahum sa'iiraa.

795). **Golongan Munafik ing Madinah, manawi ing jaman sapunika sagolongan tiyang ingkang tansah damel resah ing nglebet Negari utawi Masyrakat, kados dene mengsah ing salebeting kemul. Remenanipun tumbak cucukan, niti-niti cacading ngasanes, saya dangu saged dados fitnah ageng, ngringkihaken kasepeketanipun Bangsa lan Negara. Pramila pihak intelegen ing kawogan bab punika kedah tetep boten kenging samenit kemawon atilar prayitna lan waspada! Umumipun resah ing lebet wonten sambetipun kaliyan ungkrak-ungkrek saking jawi, kados ingkang sampun kasumerapan ing umum, bilih pandung ing nglebet griya (kampung) sampun gendhon rukon kaliyan ingkang wonten jawi, Sunnah hukumipun Allah, inggih punika hukum Agami ingkang damel Kaadilan, pulihing katentreman, kedah wonten ingkang Kawogan ngedegaken Hukum Adil lan Katentreman wau. Boten wonten sanes tujuaning Sunnah hukumipun Allah kajawi angrembakaken kawilujengan ing samudayanipun, lahir sarta batin, Donya dumugi Akherat!**

65. Dheweke padha langgeng ana ing kono salawase, lan dheweke ora padha oleh wong kang gelem ngasihi lan mitulungi.

٦٥- خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۖ لَّا يَجِدُونَ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ۝

Khaalidiina fiihaa abadaa, laa yajiduuna waliyyaw walaa nashiiraa.

66. Ana ing dinane rai-raine wong-wong mau diwolak-walik ana ing Neraka, nuli padha ngucap: "mBok biyen-biyen kita padha bekti marang Allah, lan ndherek UtusaNe!"

٦٦- يَوْمَ تُقَلَّبُ وُجُوهُهُمْ فِى ٱلنَّارِ يَقُولُونَ يَٰلَيْتَنَآ أَطَعْنَا ٱللَّهَ وَأَطَعْنَا ٱلرَّسُولَا ۝

Yauma tuqallabu wujuuhuhum finnaari yaquuluuna yaalaitanaa atha'nallaaha wa atha'nar rasuulaa.

67. Wong-wong mau padha matur: "Dhuh Pangeran kawula! saestunipun kawula sampun ndherek para pinisepuh tuwin para pangageng kawula, piyambakipun lajeng nyasaraken kita saking margi ingkang leres!

٦٧- وَقَالُوا۟ رَبَّنَآ إِنَّآ أَطَعْنَا سَادَتَنَا وَكُبَرَآءَنَا فَأَضَلُّونَا ٱلسَّبِيلَا ۝

Wa qaaluu rabbanaa innaa atha'naa saadatanaa wa kubaraa-anaa fa-adhalluunas-sabiilaa.

68. Dhuh Pangeran kawula! mugi Paduka karsa paring siksa tikel kaping kalih dhateng titiyang wau, tuwin mugi ngelaknat kalayan laknat ingkang ageng".

٦٨- رَبَّنَآ ءَاتِهِمْ ضِعْفَيْنِ مِنَ ٱلْعَذَابِ وَٱلْعَنْهُمْ لَعْنًا كَبِيرًا ۝

Rabbanaa aatihim dhi'faini minal 'adzaabi wal'anhum la'nan kabiiraa.

69. He para wong Mu'min! sira kabeh aja padha kaya wong-wong kang nyerikake marang Musa, Allah nuli ngresikake dheweke saka barang kang diucapake dening Bani Israil, 796) lan Musa iku anduweni pangkat luhur ana ing ngarsaning Allah.

٦٩- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَكُونُوا۟ كَٱلَّذِينَ ءَاذَوْا۟ مُوسَىٰ فَبَرَّأَهُ ٱللَّهُ مِمَّا قَالُوا۟ ۚ وَكَانَ عِندَ ٱللَّهِ وَجِيهًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa takuunuu kalladziina aadzau muusaa fabarra-ahullaahu mimmaa qaaluu, wa kaana 'indallaahi wajiihaa.

70. He para wong Mu'min! sira kabeh padha wedia marang Allah, lan padha ngucapa kalawan ucapan kang bener!

٧٠- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَقُولُوا۟ قَوْلًا سَدِيدًا ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanut taqullaaha wa quuluu qaulan sadiidaa.

796). Kacariyos saking riwayat, sumberipun Kekalihipun Hadist Shahih (Fish Shahahain) ingkang anerangaken bilih Nabi Musa lan Nabi Harun sami tindakan ing Redi, ing ngriku Nabi Harun seda. Kaum Bani Israil andakwa Nabi Musa ingkang mejahi. Pandakwa ingkang makaten punika deksura lan dosa ageng, kumelutipun dados fitnah, pramila Allah ambrastha watak awon Bani Israil wau.

71. Temen Allah bakal ambecikake tindakira lan Ngapura dosanira. Lan sapa kang ndherek marang Allah lan UtusaNe, temen dheweke oleh kabegjan kang agung!

٧١- يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا ۝

Yushlih lakum a'maa lakum wa yaghfir lakum dzunuubakum, waman yuthi'illaaha warasuulahuu faqad faaza fauzan 'azhiimaa.

72. Temen Ingsun wus masrahake amanat 797) dhawuh-dhawuhIngsun marang Langit, Bumi, lan Gunung-Gunung. Kabeh padha ora sanggem nampani amanat mau, lan padha kuwatir saka amanat iku, yen nganti ora bisa netepi kesanggemane, ananging manungsa wus nyanggemi anggawa amanat mau, sanyata manungsa iku nganiaya lan bodho!

٧٢- إِنَّا عَرَضْنَا الْأَمَانَةَ عَلَى السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ وَالْجِبَالِ فَأَبَيْنَ أَنْ يَحْمِلْنَهَا وَأَشْفَقْنَ مِنْهَا وَحَمَلَهَا الْإِنْسَانُ إِنَّهُ كَانَ ظَلُومًا جَهُولًا ۝

Innaa 'aradhnal amaanata 'alas-samaawaati wal ardhi wal jibaali fa-abaina ayyahmilnahaa wa asyfaqna minhaa wa hamalahal insaan, innahuu kaana zhaluuman jahuulaa.

73. Allah banjur karsa nyiksa wong-wong munafik lanang lan wadon, wong-wong musyrik lanang lan wadon, lan Allah karsa nampa tobate wong-wong Mu'min lanang lan wadon. Allah iku Maha Ngapura lan Maha Asih. 798)

***).

٧٣- لِيُعَذِّبَ اللَّهُ الْمُنٰفِقِينَ وَالْمُنٰفِقٰتِ وَالْمُشْرِكِينَ وَالْمُشْرِكٰتِ وَيَتُوبَ اللَّهُ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنٰتِ ۚ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا ۝

Liyu'adzdziballaahul munaafiqiina wal munaafiqaati wal musyrikiina wal musyrikaati wa yatuuballaahu 'alal mu'miniina wal mu'minaat, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

797). Maksudipun kuwajiban-kuwajiban Agami, lan saweneh Ahli Tafsir wonten ingkang anerangaken, maksudipun amanat utawi titipan biasa punika!

798). Wonten sambetipun kaliyan bab "Amanat" kasebat. Cetha bilih jenis manungsa munafik lan musyrik punika tata lahiripun sering maiben ing Ayat-Ayating Allah, damel gendra (issue) lan fitnah, manahipun kemritik manawi sumerap kaum Muslimin majeng lan kompak. Pramila kaum Mu'minin kedah introspeksi, kathah tobat ing Allah, ngathah-ngathahake amal shaleh, lan anjagi kasupeketan ing pasedherekan, lung tinulung ing kasaenan, insya Allah, sukses Donya lan Akheratipun.

***). Katerangan interkorelasi (sasambetan ingkang wonten samining arah tujuan) antawisipun surat Al Ahzab kalayan surat Saba' (kaum Saba') anerangaken makaten:
1. Gusti Allah punika Maha Paring Pangapunten sarta Maha Mirah, ing surat Al Ahzab anyebataken wonten ing akhir surat, manawi ing surat Saba' kasebat ing awal surat.
2. Wonten ing surat Al Ahzab tiyang karir sami pitaken benjing punapa dinten Qiyamat? Maksudipun namung gegujengan ngece lan ngremehaken, wonten ing surat Saba' ugi anyebataken makaten, malah kapara lancang malih, inggih punika estu-estu boten pitados badhe wontenipun dinten Qiyamat.
3. Khusus wonten ing surat Al Ahzab punika saged kita damel kongklusi bilih kamenanganipun wadyabala Islam mengsah wadyabala kafir punika jalaran ummat Islam golong gilig dados satunggal lan ta'at (disiplin) dhumateng Pimpinanipun Pandheganing Perang Rasulullah s.a.w. Lan wonten Kitab Tarikh Islamy kasebataken bilih perang Ahzab punika ugi perang Khandak inggih punika perang angginakaken jagang-jero (loopgraaf) kangge betengipun nanggulangi

serbuan mengsah, punika saking pemanggihipun stafipun Rasulullah s.a.w. ingkang asma Sekabat Salman Al Farisy a.r.

Perang Ahzab utawi perang Khandak punika miturut katerangan ingkang mu'tamad, kadadosan ing wulan Zulqaidah tahun 5 Hijriyah, utawi wulan Maret tahun 627 Masihi, papan palagan (lokasi) ing sajawining kitha Madinah; kirang langkung 3000 mujahidin sesarengan kalayan Kanjeng Nabi s.a.w. ngedhuki jugangan panjang sanget arupi jagang-jero kados ing zaman Sultan Agung ing Mataram, utawi kados siasat Jerman ing Perang Donya I, kukuban West-Front, ugi angginaken taktik strategis makaten wau! Kula aturi ambandhing, Rasulullah s.a.w. ing tahun 627, Jerman ing tahun 1914-1918; zaman Rasulullah angginaken tehnis pedhang, tumbak, bandhil, lan panah, zaman 1918 Jerman sampun angginaken tank lan gas racun! Manawi dipun teliti ing zaman tahun 1978, Kanjeng Nabi s.a.w. sukses sabab angginakaken Sistim Senjata Sosial, inggih Ummat ingkang kompak berjoang sarta teguh disiplin dhateng Pimpinan, dene Jerman wekdal samanten kalindhih ing yuda, sabab ummatipun boten kompak, sanaosa senjata tehnis unggul!

Mirsanana kitab Tarikh Islamy, karya Dr.Muh.Husain Haikal Pasa, Tarikh Al Islam Assiyasi, karya Prof.Dr.Hasan Ibrahim, The Life of Mahomet and History of Islam, karya Sir William Muir (1819-1905).

SABA' (KAUM SABA')

Surat kaping 34 : 54 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 6 ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Luqman.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

١ - اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ وَلَهُ الْحَمْدُ فِي الْاٰخِرَةِ ۭ وَهُوَ الْحَكِيْمُ الْخَبِيْرُ ۝

1. Kabeh puji kunjuk ngarsa dalem Allah kang kagungan sakabehing barang kang ana ing Langit, lan kang ana ing Bumi. Kunjuk ngarsa dalem Allah puji ana ing Akherat, lan PanjenengaNe iku Maha Wicaksana, Maha Waspada!

Alhamdulillaahil ladzii lahuu maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi wa lahul-hamdu fil aakhirah, wa huwal hakiimul khabiir.

٢ - يَعْلَمُ مَا يَلِجُ فِي الْاَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ مِنْهَا وَمَا يَنْزِلُ مِنَ السَّمَاۗءِ وَمَا يَعْرُجُ فِيْهَا ۭ وَهُوَ الرَّحِيْمُ الْغَفُوْرُ ۝

2. PanjenengaNe Nguningani sakabehing barang kang ambles menyang Bumi, lan kang jumedhul saka kono, kabeh kang tumurun saka Langit, lan munggah ana ing kono, lan PanjenengaNe iku Maha Asih, Maha Ngapura!

Ya'lamu maa yaliju fil ardhi wamaa yakhruju minhaa wamaa yanzilu minas samaa-i wamaa ya'ruju fiihaa, wahuwar rahiimul ghafuur.

٣ - وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَا تَاْتِيْنَا السَّاعَةُ ۭ قُلْ بَلٰى وَرَبِّيْ لَتَاْتِيَنَّكُمْ ۙ عٰلِمِ الْغَيْبِ ۚ لَا يَعْزُبُ عَنْهُ مِثْقَالُ ذَرَّةٍ فِي السَّمٰوٰتِ وَلَا فِي الْاَرْضِ وَلَآ اَصْغَرُ مِنْ ذٰلِكَ وَلَآ اَكْبَرُ اِلَّا فِيْ كِتٰبٍ مُّبِيْنٍ ۝

3. Wong-wong kafir wus padha ngucap: "Dina Qiyamat ora bakal teka marang aku kabeh!", dhawuha sira Muhammad: "Bener, demi Pangeranku! dina Qiyamat mesthi teka marang sira. PanjenengaNe Nguningani barang ghaib, ora bakal kaslimpet saka PanjenengaNe sanajana saboboting semut abang kang cilik ana ing Langit lan ana ing Bumi, barang kang luwih cilik saka iku utawa luwih gedhe, kajaba kabeh mau mesthi katulis ing Kitab kang nyata (Lauhil Mahfuzh)".

Wa qaalal ladziina kafaruu laa ta'tiinas saa'ah, qul balaa wa rabbii lata'tiyannakum 'aalimil ghaibi laa ya'zubu 'anhu mitsqaalu dzarratin fis-samaawaati walaa fil ardhi walaa ash-gharu min dzaalika walaa akbaru illaa fii kitaabim mubiin.

٤ - لِيَجْزِيَ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ أُولَٰئِكَ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ۝

4. Ditekakake dina Qiyamat iku, supaya Allah paring ganjaran marang wong kang padha Mu'min, lan nindakake kabecikan, wong-wong mau padha oleh Pangapura lan Rezeki kang mulya.

Liyajziyal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaat, ulaa-ika lahum maghfiratuw wa rizqun kariim.

٥ - وَالَّذِينَ سَعَوْ فِي آيَاتِنَا مُعَاجِزِينَ أُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مِّن رِّجْزٍ أَلِيمٌ ۝

5. Dene wong-wong kang padha sumeja ambatalake ayat-ayatIngsun, lan ngapes-apesake Ingsun, yaiku duwe panganggep bakal bisa luput saka siksa, wong-wong mau bakal kapatrapan siksa kang lara.

Walladziina sa'au fii aayaatinaa mu'aajiziina ulaa-ika lahum 'adzaabum mirrijzin aliim.

٦ - وَيَرَى الَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ الَّذِي أُنزِلَ إِلَيْكَ مِن رَّبِّكَ هُوَ الْحَقَّ وَيَهْدِي إِلَىٰ صِرَاطِ الْعَزِيزِ الْحَمِيدِ ۝

6. Lan wong-wong kang kaparingan ilmu padha sumurup yen kang katurunake marang sira Muhammad saka ngarsaning Pangeranira iku bener lan nuduhake marang dalaning Pangeran kang Maha Gagah Prakosa, Maha Pinuji.

Wa yaralladziina uutul 'ilmal ladzii unzila ilaika mir-rabbika huwal haqqa wa yahdii ilaa shiraathil 'aziizil hamiid.

٧ - وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا هَلْ نَدُلُّكُمْ عَلَىٰ رَجُلٍ يُنَبِّئُكُمْ إِذَا مُزِّقْتُمْ كُلَّ مُمَزَّقٍ إِنَّكُمْ لَفِي خَلْقٍ جَدِيدٍ ۝

7. Lan wong-wong kang padha kafir ngucap: "Apa gelem sira dak tuduhi sawijining wong 799) kang nerangake marang sira, jarene manawa sira wus ajur mumur dadi lemah, sira bakal didadekake makhluq anyar.

Wa qaalul ladziina kafaruu hal nadullukum 'alaa rajuliy yunabbi-ukum idzaa muzziqtum kulla mumazzaqin innakum lafii khalqin jadiid.

799). Titiyang kafir Mekkah sami nginakaken Nabi Muhammad s.a.w. sarana tetembungan: "alaa rojulin" tegesipun ana sawijining wong lanang. Piyambakipun boten amblakaken asmanipun tiyang wau, ing mangka mangertos bilih, Muhammad s.a.w. ingkang ndumugekaken Dhawuhing Allah, bilih benjing dinten Qiyamat, ummat manungsa badhe sami dipun tangekaken saking kuburan tumunten gesang malih, perlu dipun hisab ing Pengadilaning Allah SWT.

8. Apa dheweke iku gawe gegorohan marang Allah, apa pancen duwe lara owah?" Satemene wong-wong kang ora iman marang anane Akherat iku temen ana ing sajeroning siksa lan sasar kang adoh!"

٨- أَفْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا أَمْ بِهِ جِنَّةٌ ۗ بَلِ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ
بِالْآخِرَةِ فِي الْعَذَابِ وَالضَّلَالِ الْبَعِيدِ ٥

Aftaraa 'alallaahi kadziban am bihii jinnah, balilladziina laa yu'minuuna bil-aakhirati fil 'adzaabi wadhdhalaalil-ba'iid.

9. Mulane, apa wong-wong mau ora sumurup Langit lan Bumi kang ana ing sangarepe, lan kang ana saburine. Manawa dadi kaparenging karsanIngsun, temen wong-wong mau Ingsun amblesake menyang Bumi, utawa Ingsun runtuhake Langit sacuwil marang wong-wong mau. Sanyata kang mangkono iku dadi tandha yekti tumrap kawula kang dhemen tobat (dhedhepe) marang Allah!

٩- أَفَلَمْ يَرَوْا إِلَىٰ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُم مِّنَ السَّمَاءِ
وَالْأَرْضِ ۚ إِن نَّشَأْ نَخْسِفْ بِهِمُ الْأَرْضَ أَوْ نُسْقِطْ
عَلَيْهِمْ كِسَفًا مِّنَ السَّمَاءِ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لِّكُلِّ عَبْدٍ
مُّنِيبٍ ٥

Afalam yarau ilaa maa baina aidiihim wamaa khalfahum minas samaa-i wal ardhi, innasya' nakhsif bihimul ardha au nusqith 'alaihim kisafam minas samaa', inna fii dzaalika la-aayatal likulli 'abdim muniib.

10. Lan temen Ingsun wus paring kanugrahan marang Dawud, yaiku pangandikan-Ingsun: "He Gunung-Gunung! sira macaa tasbih (maha nucekake Allah) bebarengan kalawan Dawud, lan manuk". Lan Ingsun wus nglemesake wesi kanggo Dawud. 800)

١٠- وَلَقَدْ آتَيْنَا دَاوُودَ مِنَّا فَضْلًا ۖ يَا جِبَالُ أَوِّبِي مَعَهُ وَ
الطَّيْرَ ۖ وَأَلَنَّا لَهُ الْحَدِيدَ ٥

Walaqad aatainaa daawuuda minnaa fadhlaa, yaa jibaalu awwibii ma'ahuu wath-thair, wa alannaa lahul hadiid.

11. Yaiku sira yasaa klambi kere saka wesi lan duga-duganen paku-pakune aja kekandelen lan aja ketipisen, lan sira kabeh tindakna kabecikan. Satemene Ingsun Maha Ngudaneni ing barang kang padha sira tindakake.

١١- أَنِ اعْمَلْ سَابِغَاتٍ وَقَدِّرْ فِي السَّرْدِ وَاعْمَلُوا صَالِحًا ۖ
إِنِّي بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ٥

Ani'mal saabighaatiw wa qaddir fis-sardi wa'maluu shaalihaa, innii bimaa ta'maluuna bashiir.

800). Miturut Al-Quraan, bilih jaman Nabi Dawud a.s. punika sampun jaman utawi Kurun Tosan (Jaman Wesi); inggih panjenenganipun iyasa kitha krajan Yerusalem (sewu tahun saderengipun Isa a.s.). Utawi sasampunipun satunggalewu tahun kaliyan zaman Krajan Babylonia Hamurabi, makaten ahli sejarah lan ahli tafsir nerangaken sawatawis.

12. Lan Ingsun wus nundhukake angin kanggo Sulaiman, 801) mangkate angin iku esuk-esuk ana lakon sesasi, lan baline sore iku uga lakon sesasi. Lan Ingsun wus ngilekake tembaga kang diejur kanggo Sulaiman, lan sawenehing jin ana kang tumandang ana ing ngarsane Sulaiman kalawan idzine Pangerane, sapa kang saka dheweke ana kang malengos saka dhawuh Ingsun, Ingsun bakal ngicipake marang dheweke siksane Neraka Sa'ir.

١٢- وَلِسُلَيْمٰنَ الرِّيْحَ غُدُوُّهَا شَهْرٌ وَّرَوَاحُهَا شَهْرٌ ۚ وَ
اَسَلْنَا لَهٗ عَيْنَ الْقِطْرِ ۭ وَمِنَ الْجِنِّ مَنْ يَّعْمَلُ بَيْنَ
يَدَيْهِ بِاِذْنِ رَبِّهٖ ۭ وَمَنْ يَّزِغْ مِنْهُمْ عَنْ اَمْرِنَا نُذِقْهُ
مِنْ عَذَابِ السَّعِيْرِ ۝

Wa lisulaimaanar riiha ghuduwwuhaa syahruw wa rawaahuhaa syahruw wa asalnaa lahuu 'ainal qithr, waminal jinni may ya'malu baina yadaihi bi-idzni rabbih, wamay yazigh minhum 'an amrinaa nudziqhu min 'adzaabis sa'iir.

13. Para jin mau padha gegawean miturut sakarsane Sulaiman, yaiku ngedegake mihrab (papan pangimaman), gedhong-gedhong kang dhuwur, lan reca-reca, lan piring-piring kang gedhene sajedhing, lan kendhil kang tumancep ing pawone kagawa saka gedhene, he kulawarga Dawud! sira padha tumindaka kang nuduhake syukur, sathithik para kawulanIngsun kang gelem ngaturake syukur.

١٣- يَعْمَلُوْنَ لَهٗ مَا يَشَآءُ مِنْ مَّحَارِيْبَ وَتَمَاثِيْلَ وَجِفَانٍ
كَالْجَوَابِ وَقُدُوْرٍ رّٰسِيٰتٍ ۭ اِعْمَلُوْٓا اٰلَ دَاوٗدَ شُكْرًا ۭ
وَقَلِيْلٌ مِّنْ عِبَادِيَ الشَّكُوْرُ ۝

Ya'maluuna lahuu maa yasyaa-u mim mahaariiba wa tamaatsiila wa jifaanin kaljawaabi wa quduurir raasiyaat, i'maluu aala daawuuda syukraa, wa qaliilum min 'ibaadiyasy syakuur.

14. Bareng Ingsun wus mutusake pati marang Sulaiman, ora ana kang nuduhake patine Sulaiman mau marang para jin, kajaba rayap kang ngrikiti tekene, yaiku bareng Sulaiman ambruk, jalaran tekene gropok dipangan rayap, para jin mau padha sumurup yen tetela saupama padha mangerti barang ghaib, mesthi dheweke jin ora padha tetep ana ing siksa kang asor nganti suwe.

١٤- فَلَمَّا قَضَيْنَا عَلَيْهِ الْمَوْتَ مَا دَلَّهُمْ عَلٰي مَوْتِهٖٓ اِلَّا
دَاۗبَّةُ الْاَرْضِ تَاْكُلُ مِنْسَاَتَهٗ ۚ فَلَمَّا خَرَّ تَبَيَّنَتِ
الْجِنُّ اَنْ لَّوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ الْغَيْبَ مَا لَبِثُوْا فِي
الْعَذَابِ الْمُهِيْنِ ۝

Falammaa qadhainaa 'alaihil mauta maa dallahum 'alaa mautihii illaa daabbatul ardhi ta'kulu minsa-atah, falammaa kharra tabayyanatil jinnu allau kaanuu ya'lamuunal ghaiba maa labitsuu fil 'adzaabil muhiin.

801). Nabi Sulaiman a.s. ugi jumeneng Nata Gung-binathara Krajan Yerusalem, ingkang nemahi pasulayan ageng antawisipun Israil lan Yehuda. Kados kaweca ing ayat: 12 - 14 panguwaosipun Nabi lan Raja Sulaiman a.s. wiyar lan ageng sanget, jin dalah angin, sarto sato kewan warni-warni sami nungkul sedaya.

Bangsa Saba' digadhuhi Negara kang Tata raharja.

15. Satemene wong-wong bangsa Saba' 802) iku anduweni tandha ana ing panggonan padunungane, yaiku pakebonan loro ana sakiwa-tengene. Pangandikane Allah: "Sira padha mangana rezeki peparinging Pangeranira lan angaturna pamuji syukur marang PanjenengaNe. Padununganira iku sawijining Negara kang becik tata raharja, lan Pangeranira iku Pangeran kang Maha Agung pangapuraNe".

١٥- لَقَدْ كَانَ لِسَبَإٍ فِي مَسْكَنِهِمْ ءَايَةٌ ۖ جَنَّتَانِ عَن يَمِينٍ وَشِمَالٍ ۖ كُلُوا مِن رِّزْقِ رَبِّكُمْ وَاشْكُرُوا لَهُ ۚ بَلْدَةٌ طَيِّبَةٌ وَرَبٌّ غَفُورٌ ۝

Laqad kaana lisaba-in fii maskanihim aayatan jannataani 'an yamiiniw wa syimaalin kuluu mir rizqi rabbikum wasykuruu lahuu baldatun thayyibatun warabbun ghafuur.

16. Dheweke banjur padha malengos, Ingsun banjur ngutus banjir-bandhang 803) kang ngrusak wong-wong mau. Pakebone loro mau Ingsun ganti dadi pakebonan loro kang ngetokake thethukulan uwohe pahit, kekayone ora padha duwe uwoh (cemara), lan wit widara mung sathithik.

١٦- فَأَعْرَضُوا فَأَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ سَيْلَ الْعَرِمِ وَبَدَّلْنَاهُم بِجَنَّتَيْهِمْ جَنَّتَيْنِ ذَوَاتَيْ أُكُلٍ خَمْطٍ وَأَثْلٍ وَشَيْءٍ مِّن سِدْرٍ قَلِيلٍ ۝

Fa-a'radhuu fa-arsalnaa 'alaihim sailal 'arimi wa baddalnaahum bijannataihim jannataini dzawaataa ukulin khamthiw wa atsliw wa syai-um minsidrin qaliil.

17. Kang mangkono iku Ingsun males marang wong-wong mau jalaran anggone padha kafir, lan Ingsun ora matrapi siksa kajaba marang wong-wong kang padha kafir.

١٧- ذَٰلِكَ جَزَيْنَاهُم بِمَا كَفَرُوا ۚ وَهَلْ نُجَازِي إِلَّا الْكَفُورَ ۝

Dzaalika jazainaahum bimaa kafaruu, wa hal nujaazii illal kafuur.

18. Lan Ingsun wus andamel ing antarane Negarane wong-wong mau (Saba' ing wilayah Yaman) lan Negara kang Ingsun berkahi (Syam) ing kono akeh Negara kang raharja, lan wus Ingsun tamtokake lakone ana ing kono. DhawuhIngsun: "Sira padha lumakua ana ing kono rina lan wengi kalawan santosa".

١٨- وَجَعَلْنَا بَيْنَهُمْ وَبَيْنَ الْقُرَى الَّتِي بَارَكْنَا فِيهَا قُرًى ظَاهِرَةً وَقَدَّرْنَا فِيهَا السَّيْرَ ۖ سِيرُوا فِيهَا لَيَالِيَ وَأَيَّامًا آمِنِينَ ۝

Wa ja'alnaa bainahum wa bainal qural latii baaraknaa fiihaa quran zhaahirataw wa qaddarnaa fiihas sair, siiruu fiihaa layaaliya wa ayyaaman aaminiin.

802). Para ahli Tarikh lan Tafsir, bilih Ratu (putri) Bulqis punika satunggaling **dinasti Krajan Saba'**, wonten ing zamanipun kaloka kasebat Negari ingkang tata-raharja, ingkang warga negarinipun sami ta'at ing Agama lan jinangkung Berkah lan Pangapuntening Allah. Sarana kedadosan Nabi Sulaiman a.s. saged nenuntun dhateng Kabudayan ingkang luhur, negari wau sering dados kembang-lambe utawi topik ing jaman modern, ingkang politis-ideologis ngontho-ontho Negari adil makmur pinayungan pangapuntening Allah. Dene ucapanipun: **"Baldatun thoyyibatun wa robbun ghafuur!"** Wallaahu 'a'lam.

803). Bena ageng wau nyebabaken jebolipun bendungan Ma'rib.

19. Nanging wong mau padha matur: "Dhuh Pangeran kawula! mugi Paduka nebihaken lelampahan kawula". Lan wong-wong mau padha nganiaya awake dhewe. 804) Dheweke banjur Ingsun dadekake carita marang wong kang padha kari, lan wus Ingsun obrak-abrik nganti morat-marit. Satemene kang mangkono mau dadi tandha yekti tumrap wong kang akeh sabare lan akeh syukure.

١٩- فَقَالُوا رَبَّنَا بَاعِدْ بَيْنَ أَسْفَارِنَا وَظَلَمُوا أَنْفُسَهُمْ فَجَعَلْنَاهُمْ أَحَادِيثَ وَمَزَّقْنَاهُمْ كُلَّ مُمَزَّقٍ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ۝

Faqaaluu rabbanaa baa'id baina asfaarinaa wa zhalamuu anfusahum faja'alnaahum ahaadiitsa wa mazzaqnaahum kulla mumazzaq, inna fii dzaalika la-aayaatil likulli shabbaarin syakuur.

20. Lan nyekti iblis wus nganggep panyanane marang wong-wong mau nyata temenan, dheweke wus padha manut iblis, kajaba golongane wong-wong kang Mu'min.

٢٠- وَلَقَدْ صَدَّقَ عَلَيْهِمْ إِبْلِيسُ ظَنَّهُ فَاتَّبَعُوهُ إِلَّا فَرِيقًا مِّنَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Walaqad shaddaqa 'alaihim ibliisu zhannahuu fattaba'uuhu fariiqam minal mu'miniin.

21. Anggone iblis ora bisa nguwasani wong wong Mu'min mau ora ana liya kajaba Ingsun karsa Nguningani wong kang iman ing Akherat, lan wong kang mamang atine. Muhammad, Pangeranira iku Maha Ngreksa ing kabeh barang.

٢١- وَمَا كَانَ لَهُ عَلَيْهِم مِّن سُلْطَانٍ إِلَّا لِنَعْلَمَ مَن يُؤْمِنُ بِالْآخِرَةِ مِمَّنْ هُوَ مِنْهَا فِي شَكٍّ وَرَبُّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ حَفِيظٌ ۝

Wamaa kaana lahuu 'alaihim min shulthaanin illaa lita'lama may yu'minu bil aakhirati mimman huwa minhaa fii syakkin wa rabbuka 'alaa kulli syai-in hafiizh.

Sesembahan-sesembahan saliyane Allah ora duwe panguwasa sithik-sithika!

22. Dhawuha sira Muhammad! "Mara padha nyenyuwuna marang brahala kang sira anggep Pangeran saliyane Allah kang ora anduweni isen-isening Langit lan Bumi sanajan mung saboboting semut, apa dene nyakuthoni Allah kang mangerani ana ing Langit lan Bumi, lan PanjenengaNe ora kagungan panulung saka dheweke".

٢٢- قُلِ ادْعُوا الَّذِينَ زَعَمْتُم مِّن دُونِ اللَّهِ لَا يَمْلِكُونَ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ فِي السَّمَاوَاتِ وَلَا فِي الْأَرْضِ وَمَا لَهُمْ فِيهِمَا مِن شِرْكٍ وَمَا لَهُ مِنْهُم مِّن ظَهِيرٍ ۝

Qulid'ul ladziina za'amtum min duunillaahi laa yamlikuuna mitsqaala dzarratin fissamaawaati walaa fil ardhi wamaa lahum fiihimaa min syirkiw wamaa lahuu minhum min zhahiir.

804). Manawi kafilah dagangan (komoditi) wau dados tebih saking Negari satunggal dhateng sanesipun, piyambakipun lajeng rowa damel monopoli, lan tambah kathah untungipun.

23. Ora ana safa'at 805) kang manfa'ati besuk ana ing ngarsaning Allah, kajaba marang wong kang wus kaparingan palilah dening PanjenengaNe, nganti manawa kageting atine wus ilang, wong-wong mau padha takontinakon: "Apa kang dipangandikake Pangeranira?" Ana kang mangsuli: "PangandikaNe Allah bener". Hiya PanjenengaNe Pangeran kang Maha Luhur, Maha Agung!"

٢٣- وَلَا تَنفَعُ الشَّفَاعَةُ عِندَهُۥٓ إِلَّا لِمَنْ أَذِنَ لَهُۥ ۚ حَتَّىٰٓ إِذَا فُزِّعَ عَن قُلُوبِهِمْ قَالُوا۟ مَاذَا قَالَ رَبُّكُمْ ۖ قَالُوا۟ ٱلْحَقَّ ۖ وَهُوَ ٱلْعَلِىُّ ٱلْكَبِيرُ ۝

Walaa tanfa'usy syafaa'atu 'indahuu illaa liman adzina lah, hattaa idzaa fuzzi'a 'an quluubihim qaaluu maa dzaa qaala rabbukum, qaalul haqqa wahuwal 'aliyyul kabiir.

24. Dhawuha sira Muhammad: "Sapa kang paring rezeki marang sira saka Langit lan Bumi?" Dhawuha sira: "Allah". Lan temen aku utawa sira wong musyrik kang oleh pituduhe Allah utawa ana ing sasar kang nyata".

٢٤- قُلْ مَن يَرْزُقُكُم مِّنَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ قُلِ ٱللَّهُ ۙ وَإِنَّآ أَوْ إِيَّاكُمْ لَعَلَىٰ هُدًى أَوْ فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ۝

Qul may yarzuqukum minas samaawaati wal ardh, qulillaahu wa innaa au iyyaakum la'alaa hudan au fii dhalaalim mubiin.

25. Dhawuha sira Muhammad: "Sira kabeh ora bakal didangu saka perkara dosaku, lan aku ora didangu saka perkara kang padha sira tindakake".

٢٥- قُل لَّا تُسْـَٔلُونَ عَمَّآ أَجْرَمْنَا وَلَا نُسْـَٔلُ عَمَّا تَعْمَلُونَ ۝

Qul laa tus-aluuna 'ammaa ajramnaa walaa nus-alu 'ammaa ta'maluun.

26. Dhawuha sira Muhammad: "Pangeranku bakal ngumpulake ing antaraku kabeh. PanjenengaNe nuli ambuka kaputusan ing antaraku kabeh. PanjenengaNe nuli ambuka kaputusan ing antaraku kabeh kalawan bener, PanjenengaNe iku kang Maha Mutus, Maha Uninga".

٢٦- قُلْ يَجْمَعُ بَيْنَنَا رَبُّنَا ثُمَّ يَفْتَحُ بَيْنَنَا بِٱلْحَقِّ ۚ وَهُوَ ٱلْفَتَّاحُ ٱلْعَلِيمُ ۝

Qul yajma'u bainanaa rabbunaa tsumma yaftahu bainanaa bilhaqq, wahuwal fattaahul 'aliim.

27. Dhawuha sira: "Aku weruhna brahala kang sira arani sakuthune Allah; ora yen Allah iku kagungan sekuthu, ananging PanjenengaNe iku Allah kang Maha Gagah Prakosa tur Maha Wicaksana.

٢٧- قُلْ أَرُونِىَ ٱلَّذِينَ أَلْحَقْتُم بِهِۦ شُرَكَآءَ كَلَّا ۚ بَلْ هُوَ ٱللَّهُ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ۝

Qul aruuniyal ladziina alhaqtum bihii syurakaa-a kallaa, bal huwallaahul 'aziizul hakiim.

805). Mirsanana bab katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi.

Risalah Muhammad s.a.w. iku universal.

28. Lan Ingsun temen ora angutus sira Muhammad kajaba marang kabeh manungsa, kanggo ambebungah kalawan Suwarga, lan angancam kalawan Neraka. Ananging akeh-akehe manungsa ora mangerti.

٢٨- وَمَآ أَرْسَلْنَٰكَ إِلَّا كَآفَّةً لِّلنَّاسِ بَشِيرًا وَنَذِيرًا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Wamaa arsalnaaka illaa kaaffatal linnaasi basyiiraw wa nadziiraw walaakinna aktsarannaasi laa ya'lamuun.

Wong kafir padha ingkar lan apa pituwase besuk ing dina Akherat.

29. Wong-wong kafir padha ngucap: "Kapan kalakone janji pangancam iki manawa sira padha bener?"

٢٩- وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝

Wa yaquuluuna mataa haadzal wa'du inkuntum shaadiqiin.

30. Dhawuha sira: "Tetep kanggo sira, dinane parjanjian pangancam iku, sira ora bisa ngundurake mangsane, lan ora bisa ngajokake".

٣٠- قُل لَّكُم مِّيعَادُ يَوْمٍ لَّا تَسْتَـْٔخِرُونَ عَنْهُ سَاعَةً وَلَا تَسْتَقْدِمُونَ ۝

Qul lakum mii'aadu yaumil laa tasta'khiruuna 'anhu saa'ataw walaa tastaqdimuun.

31. Wong-wong kafir padha ngucap: "Aku kabeh ora pisan-pisan gelem iman marang Quraan iki, lan uga ora percaya marang Kitab kang sadurunge". Lan manawa sira sumurup ing nalikane wong-wong kang padha nganiaya diadhepake ana ngarsaning Pangerane, saweneh padha padudon karo sawenehe. Wong-wong kang padha apes pandhereke padha ngucap marang panggedhene: "Manawa ora ana sira kabeh mesthi aku kabeh dadi wong Mu'min".

٣١- وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَن نُّؤْمِنَ بِهَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ وَلَا بِٱلَّذِى بَيْنَ يَدَيْهِ ۗ وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذِ ٱلظَّٰلِمُونَ مَوْقُوفُونَ عِندَ رَبِّهِمْ ۖ يَرْجِعُ بَعْضُهُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ ٱلْقَوْلَ ۖ يَقُولُ ٱلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوا۟ لِلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟ لَوْلَآ أَنتُمْ لَكُنَّا مُؤْمِنِينَ ۝

Wa qaalal ladziina kafaruu lan nu'mina bihaadzal qur-aani walaa billadzii baina yadaih, walau taraa idzizh zhaalimuuna mauquufuuna 'inda rabbihim, yarji'u ba'dhuhum ilaa ba'dhi(n)il qaula yaquulul ladziinas tudh'ifuu lilladziinas takbaruu laulaa antum lakunnaa mu'miniin.

٣٢- قَالَ الَّذِينَ اسْتَكْبَرُوا لِلَّذِينَ اسْتُضْعِفُوا أَنَحْنُ صَدَدْنَاكُمْ عَنِ الْهُدَىٰ بَعْدَ إِذْ جَاءَكُمْ بَلْ كُنتُم مُّجْرِمِينَ ۝

32. Panggedhene mau mangsuli marang wong-wong kang apes: "Apa hiya aku nyegah sira kabeh saka pituduh, sawuse pituduh mau teka marang sira? Ananging sira kabeh iku pancen wong-wong kang padha duraka".

Qaalal ladziinas takbaruu lilladziinas tudh'ifuu anahnu shadadnaakum 'anil hudaa ba'da idz jaa-akum bal kuntum mujrimiin.

٣٣- وَقَالَ الَّذِينَ اسْتُضْعِفُوا لِلَّذِينَ اسْتَكْبَرُوا بَلْ مَكْرُ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ إِذْ تَأْمُرُونَنَا أَن نَّكْفُرَ بِاللَّهِ وَنَجْعَلَ لَهُ أَندَادًا ۚ وَأَسَرُّوا النَّدَامَةَ لَمَّا رَأَوُا الْعَذَابَ ۚ وَجَعَلْنَا الْأَغْلَالَ فِي أَعْنَاقِ الَّذِينَ كَفَرُوا ۚ هَلْ يُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

33. Pandhereke kang padha apes ngucap maneh marang panggedhene: "Rina lan wengi sira padha nindakake pangreka daya, yaiku nalika sira mrentah aku supaya kafir marang Allah lan andadekake sakuthu marang PanjenengaNe". Lan wong-wong mau padha ngumpetake gegetune bareng sumurup siksa, lan Ingsun kalungake belenggu ana ing gulune wong-wong kang padha kafir. Dheweke ora padha kawales kajaba amal kang padha ditindakake.

Wa qaalal ladziinas tudh'ifuu lilladziinas takbaruu bal makrul laili wannahaari idz ta'muruunanaa an-nakfura billaahi wa naj'ala lahuu andaadaa, wa asarrun-nadaamata lammaa ra-awul 'adzaaba wa ja'alnal aghlaala fii a'naaqil ladziina kafaruu hal yujzauna illaa maa kaanuu ya'maluun.

٣٤- وَمَا أَرْسَلْنَا فِي قَرْيَةٍ مِّن نَّذِيرٍ إِلَّا قَالَ مُتْرَفُوهَا إِنَّا بِمَا أُرْسِلْتُم بِهِ كَافِرُونَ ۝

34. Lan Ingsun ora ngutus Nabi juru pepeling marang sawijining Negara, kajaba para panggedhe lan kang padha kacukupan ngucap: "Satemene aku ora iman marang Agama kang sira ampil".

Wamaa arsalnaaka fii qaryatim min nadziirin illaa qaala mutrafuuhaa innaa bimaa ursiltum bihii kaafiruun.

٣٥- وَقَالُوا نَحْنُ أَكْثَرُ أَمْوَالًا وَأَوْلَادًا وَمَا نَحْنُ بِمُعَذَّبِينَ ۝

35. Wong-wong mau ngucap maneh: "Aku luwih sugih bandha lan luwih sugih anak, lan aku ora bakal disiksa". 806)

Wa qaaluu nahnu aktsaru amwaalaw wa aulaadaw wamaa nahnu bimu'adzdzabiin

806). Tetiyang kafir punika sami kalintu pamikiripun: dipun wastani kaparingan bandha kathah lan putra-putra kathah rumaosipun dipun kasihi Allah, lajeng anggenipun kafir punika boten dipun siksa ing Donya utawi Akherat.

٣٦- قُلْ إِنَّ رَبِّي يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَن يَشَاءُ وَيَقْدِرُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ۝ ٤

36. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata Pangeranku anjembarake utawa ngrupekake rezeki marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, ananging akeh-akehe manungsa ora padha mangerti!"

Qul inna rabbii yabsuthur rizqa limay yasyaa-u wa yaqdiru walaakinna aktsaran naasi laa ya'lamuun.

٣٧- وَمَا أَمْوَالُكُمْ وَلَا أَوْلَادُكُم بِالَّتِي تُقَرِّبُكُمْ عِندَنَا زُلْفَىٰ إِلَّا مَنْ آمَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَأُولَٰئِكَ لَهُمْ جَزَاءُ الضِّعْفِ بِمَا عَمِلُوا وَهُمْ فِي الْغُرُفَاتِ آمِنُونَ ۝

37. Lan babar-pisan dudu raja-brananira lan dudu anakira kang marakake sira kabeh cedhak mareg marang ngarsanIngsun, nanging wong kang iman lan nindakake laku becik, wong kang mangkono iku ganjarane tetikelan, jalaran tindak kang wus dilakoni, dheweke padha manggon ana ing omah panggung (Suwarga) kalawan aman-santosa!

Wamaa amwaalukum walaa aulaadukum billatii tuqarribukum 'indanaa zulfaa illaa man aamana wa 'amila shaalihaa, fa-ulaa-ika lahum jazaa-udh dhi'fi bimaa 'amiluu wahum fil ghurufaati aaminuun.

٣٨- وَالَّذِينَ يَسْعَوْنَ فِي آيَاتِنَا مُعَاجِزِينَ أُولَٰئِكَ فِي الْعَذَابِ مُحْضَرُونَ ۝

38. Lan wong-wong kang padha ambudidaya ambangkang Ayat-AyatIngsun sarana anggepan bisa ngluwari awake saka siksan-Ingsun, malah wong-wong mau bakal dicemplungake ing siksa.

Walladziina yas'auna fii aayaatinaa mu'aajiziina ulaa-ika fil 'adzaabi muhdharuun.

٣٩- قُلْ إِنَّ رَبِّي يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَن يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ وَيَقْدِرُ لَهُ ۚ وَمَا أَنفَقْتُم مِّن شَيْءٍ فَهُوَ يُخْلِفُهُ ۖ وَهُوَ خَيْرُ الرَّازِقِينَ ۝

39. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata Pangeranku kang anjembarake lan ngrupegake rezeki marang wong kang dadi kaparenging karsaNe saka para kawulaNe. Lan samubarang kang sira nafakahake, PanjenengaNe bakal maringi gantine, PanjenengaNe iku becik-becike Pangeran kang paring rezeki.

Qul inna rabbii yabsuthur rizqa limayyasyaa-u min 'ibaadihii wa yaqdiru lah, wamaa anfaqtum min syai-in fahuwa yuhlifuhuu wa huwa khairur raaziqiin.

٤٠- وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا ثُمَّ يَقُولُ لِلْمَلَائِكَةِ أَهَٰؤُلَاءِ إِيَّاكُمْ كَانُوا يَعْبُدُونَ ۝

40. Lan besuk dina Qiyamat, PanjenengaNe bakal anggiring wong-wong mau kabeh, nuli ngandika marang Malaikat: "Apa dheweke iku padha nyembah marang sira kabeh?"

Wa yauma yahsyuruhum jamii'an tsumma yaquulu lil-malaa-ikati ahaa-ulaa-i iyyaakum kaanuu ya'buduun.

41. Malaikat mau padha munjuk: "Maha Suci Paduka! Paduka piyambak bandara kawula, sanes titiyang kafir wau; ananging piyambakipun malah sami nyembah jin, kathah-kathahipun titiyang wau sami pitados dhateng jin!" 807)

٤١- قَالُوا سُبْحَانَكَ أَنْتَ وَلِيُّنَا مِنْ دُونِهِمْ ۖ بَلْ كَانُوا يَعْبُدُونَ الْجِنَّ ۖ أَكْثَرُهُمْ بِهِمْ مُؤْمِنُونَ ۝

Qaaluu subhaanaka anta waliyyunaa min duunihim bal kaanuu ya'buduunal jinna aktsaruhum bihim mu'minuun.

42. Ing dina iki sawenehira ora ana kang bisa aweh manfa'at utawa madharat marang saweneh liyane, Ingsun dhawuh marang wong-wong kang nganiaya: "Mara rasakna! siksaning Neraka kang padha sira paido".

٤٢- فَالْيَوْمَ لَا يَمْلِكُ بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ نَفْعًا وَلَا ضَرًّا ۚ وَنَقُولُ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا ذُوقُوا عَذَابَ النَّارِ الَّتِي كُنْتُمْ بِهَا تُكَذِّبُونَ ۝

Falyawma laa yamliku ba'dhukum liba'dhin naf'aw walaa dharraa, wa naquulu lilladziina zhalamuu dzuuquu 'adzaaban-naaril latii kuntum bihaa tukadzdzibuun.

43. Lan manawa kawahyokake Ayat-Ayat-Ingsun kanthi pratela marang wong-wong mau, dheweke padha ngucap: "Ora liya iki, kajaba wong kang duwe sedya arep ngalang-alangi sira kabeh saka nyembah brahala sesembahane para leluhurira". Pangucape maneh: "Ora liya iki, kajaba mung ujar gegorohan", lan wong-wong kafir padha ngarani kabeneran kang wus teka marang dheweke: "Ora liya iki, kajaba sihir kang nyata!"

٤٣- وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ قَالُوا مَا هَٰذَا إِلَّا رَجُلٌ يُرِيدُ أَنْ يَصُدَّكُمْ عَمَّا كَانَ يَعْبُدُ آبَاؤُكُمْ ۚ وَقَالُوا مَا هَٰذَا إِلَّا إِفْكٌ مُفْتَرًى ۚ وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِلْحَقِّ لَمَّا جَاءَهُمْ إِنْ هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ مُبِينٌ ۝

Wa idzaa tutlaa 'alaihim aayaatunaa bayyinaatin qaaluu maa haadzaa illaa rajuluy yuriidu ay-yashuddakum 'ammaa kaana ya'budu aabaa-ukum, wa qaaluu maa haadzaa illaa ifkum muftaraa, wa qaalal ladziina kafaruu lilhaqqi lammaa jaa-ahum in haadzaa illaa sihrum mubiin.

44. Lan Ingsun ora maringi marang wong-wong mau saka Kitab kang padha diwaca, lan uga Ingsun ora ngutus juru pepeling marang wong-wong mau sadurungira!

٤٤- وَمَا آتَيْنَاهُمْ مِنْ كُتُبٍ يَدْرُسُونَهَا وَمَا أَرْسَلْنَا إِلَيْهِمْ قَبْلَكَ مِنْ نَذِيرٍ ۝

Wamaa aatainaahum min kutubiy yadrusuunahaa wamaa arsalnaa ilaihim qablaka min nadziir.

807). Inggih jin ingkang kafir (duraka) punika syetan naminipun.

٤٥- وَكَذَّبَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ وَمَا بَلَغُوا مِعْشَارَ مَآ اٰتَيْنٰهُمْ فَكَذَّبُوا رُسُلِي فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ۝

Wa kadzdzabal ladziina min qablihim, wamaa balaghuu mi'syaara maa aatainaahum fakadzdzabuu rusulii, fakaifa kaana nakiir.

45. Wong kafir kuna sadurunge wong-wong mau uga wus padha maido, wong-wong mau ora nganti tumeka sapara sepuluhe 808) tumrap kekuwatan kang wus Ingsun paringake marang wong-wong kafir kuna. Dheweke nuli padha maido marang para UtusanIngsun, wasana kapriye anggonIngsun nyiksa?

Dipratelakake dening Allah SWT. Risalah Muhammad s.a.w. lan kuwajibane!

٤٦- قُلْ إِنَّمَآ أَعِظُكُم بِوَٰحِدَةٍ أَن تَقُومُوا لِلَّهِ مَثْنَىٰ وَفُرَٰدَىٰ ثُمَّ تَتَفَكَّرُوا مَا بِصَاحِبِكُم مِّن جِنَّةٍ إِنْ هُوَ إِلَّا نَذِيرٌ لَّكُم بَيْنَ يَدَيْ عَذَابٍ شَدِيدٍ ۝

Qul innamaa a'izhukum biwaahidatin an taquumuu lillaahi matsnaa wa furaadaa tsumma tatafakkaruu, maa bishaahibikum min jinnah, in huwa illaa nadziirul lakum baina yaday 'adzaabin syadiid.

46. Dhawuha sira Muhammad! : "Satemene aku paring pepeling marang sira kalawan sawijining pepeling, yaiku sira maraka (ngadhepa) ing Allah karana ikhlas, ngloro-ngloro utawa siji-siji, tumuli padha mikira kancanira Muhammad iku harak ora lara owah, ora liya dheweke iku kajaba dadi juru pepeling marang sira kabeh ing sangarepe siksa kang abot".

٤٧- قُلْ مَا سَأَلْتُكُم مِّنْ أَجْرٍ فَهُوَ لَكُمْ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَى اللَّهِ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ۝

Qul maa sa-altukum min ajrin fahuwa lakum, in ajriya illaa 'alallaahi wahuwa 'alaa kulli syai-in syahiid.

47. Sira dhawuha maneh: "Aku ora mundhut upah 809) marang sira, anggonku nekakake pepeling marang sira iku, kapara iku migunani marang sira, ora liya ganjaranku, kajaba ana ing astaning Allah, PanjenengaNe kang nyekseni sakabeh ing barang".

٤٨- قُلْ إِنَّ رَبِّي يَقْذِفُ بِالْحَقِّ عَلَّٰمُ الْغُيُوبِ ۝

Qul inna rabbii yaqdzifu bilhaqqi 'allaamul ghuyuub.

48. Sira dhawuha maneh: "Sanyata Pangeranku maringi kabeneran marang wong kang dikarsakake, Panjenengan Maha Nguningani barang ghaib".

٤٩- قُلْ جَآءَ الْحَقُّ وَمَا يُبْدِئُ الْبَٰطِلُ وَمَا يُعِيدُ ۝

Qul jaa-al haqqu wamaa yubdi-ul baathilu wamaa yu'iid.

49. Sira dhawuh: "Barang bener wus teka, lan barang batal ora bisa ngawiti sawiji-wiji, lan ora bisa ambalekake muncul maneh".810)

---

808). Sapara sadasa saking kakiyatan ingkang dipun paringaken Allah, ing antawisipun: kakiyatan ilmu, kakiyatan jasmani, kakiyatan mental, bandha lan kawibawan sanes-sanesipun.

809). Anggenipun Da'wah Rasulullah s.a.w. boten nyuwun imbalan upah punapa-punapa, kajawi supados samia iman ing Allah, lan iman punika saestu kasaenanipun kangge piyambakipun.

810). Manawi barang haq sampun dhateng, ingkang batal badhe risak sirna, sarta boten saged malih ingkang batal ngrebahaken ingkang leres (haq).

50. Sira dhawuha maneh: "Manawa aku kasasar, iku terang saka sasare awakku dhewe, dene manawa aku oleh pituduh, iku sabab wahyu peparinge Allah Pangeranku marang aku. Sanyata PanjenengaNe iku Maha Midhanget, Maha Cedhak!

٥٠- قُلْ إِنْ ضَلَلْتُ فَإِنَّمَآ أَضِلُّ عَلَىٰ نَفْسِىْ ۖ وَإِنِ اهْتَدَيْتُ فَبِمَا يُوْحِىٓ إِلَىَّ رَبِّىْ ۚ إِنَّهُۥ سَمِيْعٌ قَرِيْبٌ ۝

Qul in dhalaltu fa-innamaa adhillu 'alaa nafsii, wa inihtadaitu fabimaa yuuhii ilayya rabbii, innahuu samii'un qariib.

51. Manawa sira andeleng nalika wong-wong mau padha kaget ing dinane tangi saka kuburan, ora ana kang bisa luput saka ing kono, dheweke padha dicekel saka panggonan kang cedhak. 811)

٥١- وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذْ فَزِعُوْا فَلَا فَوْتَ وَأُخِذُوْا مِنْ مَّكَانٍ قَرِيْبٍ ۝

Walau taraa idz fazi'uu falaa fauta wa ukhidzuu mim makaanin qariib.

52. Lan wong-wong mau padha ngucap: "Kula sami pitados dhumateng piyambak-ipun Nabi Muhammad". Lan saka ngendi wong-wong mau bisa oleh iman, jer wus ana ing panggonan kang adoh? 812)

٥٢- وَّقَالُوْٓا ءَامَنَّا بِهٖ ۚ وَأَنّٰى لَهُمُ التَّنَاوُشُ مِنْ مَّكَانٍ بَعِيْدٍ ۝

Wa qaaluu aamannaa bihii wa annaa lahumut tanaawusyu mim makaanin ba'iid.

53. Temen, biyen nalika ana ing Donya, wong-wong mau padha maido ing Muhammad, lan andakwa sing ora-ora saka panggonan kang adoh saka kabeneran.

٥٣- وَّقَدْ كَفَرُوْا بِهٖ مِنْ قَبْلُ ۖ وَيَقْذِفُوْنَ بِالْغَيْبِ مِنْ مَّكَانٍۢ بَعِيْدٍ ۝

Waqad kafaruu bihii min qablu wa yaq-dzifuuna bil-ghaibi mim makaanim ba'iid

54. Lan dialing-alingi ing antarane wong-wong mau karo kasenengane, kaya kahanane wong-wong sadurunge, sanyata dheweke ana ing kamamangan kang tetela! 813)

***).

٥٤- وَحِيْلَ بَيْنَهُمْ وَبَيْنَ مَا يَشْتَهُوْنَ كَمَا فُعِلَ بِأَشْيَاعِهِمْ مِّنْ قَبْلُ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوْا فِىْ شَكٍّ مُّرِيْبٍ ۝

Wa hiila bainahum wa baina maa yasyta-huuna kamaa fu'ila bi-asy-yaa'ihim min qablu innahum kaanuu fii syakkim muriib.

---

811). Benjing ing dinten Qiyamat, sanaosa kuburan-kuburanipun tiyang kafir pating plencar tebih-tebih badhe gampil lan celak kemawon sami dipun klempakaken perlu dipun hisab.

812). Salajengipun tiyang kafir wau sareng sumerep Neraka saestu wonten ngajengipun, lajeng dumadakan criyos manawi iman! Ananging boten logis, jalaran panggenanipun tiyang iman punika wonten Donya, ing mangka Donya sampun tebih!

813). Makaten ugi tiyang kafir ing jaman sugengipun Kanjeng Nabi s.a.w. kepingin badhe iman ing dinten Qiyamat, tamtu kemawon boten saged katampi, jalaran wonten Donya cetha sami kafir lan tansah kemamangan manawi badhe iman!

***). Katerangan interkorelasi (sasambetan ingkang manunggal ing ancas) ing antawisipun surat Saba' kalayan surat Faathir (Panyipta) kados makaten:

1. Wonten ing surat Saba' Gusti Allah paring katerangan bilih samudayaning kawontenan ing Langit lan Bumi kagungan ngarsa dalem Allah piyambak, sarta Allah Piyambak ingkang Nyipta satunggal-satunggaling kawontenan ing 'Alam Jagad Raya punika!
2. Ing kakalihipun surat wau, sami-sami dipun wiwiti sarana Memuji ing Allah, Panyipta lan Pamilik 'Alam samesta!
3. Surat Saba' anerangaken kawusananipun tiyang sami musyrik risak bobrah-babrch Donya lan Akheratipun, sabab tumindakipun ingkang murang sarak; dene wonten ing surat Faathir anelakaken badhe manggih ing kabegjanipun tiyang Mu'min wiwit Donya dumugining Akheratipun, sabab ugi saking iman lan amal shalehipun, ingkang damel kasaenan dhumateng sasami-sami ngagesang!

FAATHIR (PANYIPTA)

Surat kaping 35 : 45 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Madinah.. Kawahyokake sawuse surat Al Furqaan.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

١- اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ فَاطِرِ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ جَاعِلِ الْمَلٰٓئِكَةِ رُسُلًا اُولِيْٓ اَجْنِحَةٍ مَّثْنٰى وَثُلٰثَ وَرُبٰعَ ؕ يَزِيْدُ فِي الْخَلْقِ مَا يَشَآءُ ؕ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ○

1. Sakabehing puji kunjuk ngarsa dalem Allah kang nitahake pitung Langit lan Bumi, kang andamel Malaikat minangka UtusaNe, padha kaparingan suwiwi ngloro-ngloro, nelu-nelu, lan mapat-mapat, PanjenengaNe sanget muwuhi dedamelaNe miturut kang dadi kaparenging karsaNe. Sanyata Allah iku Maha Kuwasa ingatase kabeh barang!

Al-hamdulillaahi faathiris samaawaati wal ardhi jaa'ilil malaa-ikati rusulan ulii ajnihatim matsnaa wa tsulaatsa wa rubaa' laaha 'alaa kulli syai-in qadiir.

٢- مَا يَفْتَحِ اللّٰهُ لِلنَّاسِ مِنْ رَّحْمَةٍ فَلَا مُمْسِكَ لَهَا ۚ وَمَا يُمْسِكْ ۙ فَلَا مُرْسِلَ لَهٗ مِنْۢ بَعْدِهٖ ؕ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ○

2. Manawa Allah ambuka rahmat paparinge marang manungsa, wus ora ana kang bisa ngeker maneh, lan manawa PanjenengaNe ngeker rahmat sawuse diparingake marang wong mau, uga ora ana kang bisa ngulungake sawuse iku, lan PanjenengaNe iku kang Maha Gagah Prakosa tur Maha Wicaksana.

Maa yaftahillaahu linnaasi mir-rahmatin falaa mumsika lahaa wamaa yumsik falaa mursila lahuu mim ba'dih, wa huwal 'aziizul hakiim.

٣- يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اذْكُرُوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ ؕ هَلْ مِنْ خَالِقٍ غَيْرُ اللّٰهِ يَرْزُقُكُمْ مِّنَ السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ ؕ

3. He para manungsa! elinga marang kanikmataning Allah tumrap sira kabeh. Apa ana kang bisa nitahake saliyane Allah, tur paring rezeki ing sira kabeh saka Langit lan Bumi. Ora ana Pangeran kang sinembah

kajaba PanjenengaNe Allah piyambak, lah saka apa sira padha kablinger?

لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَأَنَّىٰ تُؤْفَكُونَ ۝

Yaa ayyuhan naasudz kuruu ni'matallaahi 'alaikum, hal min khalqin ghairullaahi yarzuqukum minas samaa-i wal ardh, laa ilaaha illaa huwa, fa-annaa tu'fakuun.

4. Lan manawa wong-wong kafir iku padha anggorohake ing sira sawuse sira ngelengake, mangka satemene para Andika Rasul sadurungira uga padha dipaido, kabeh perkara iku bali marang Allah piyambak!

٤- وَإِن يُكَذِّبُوكَ فَقَدْ كُذِّبَتْ رُسُلٌ مِّن قَبْلِكَ ۚ وَإِلَى اللَّهِ تُرْجَعُ الْأُمُورُ ۝

Wa-in yukadzdzibuuka faqad kudzdzibat rusulum min qablik, wa ilallaahi turja'ul umuur.

Janjining Allah mesthi kaleksanan!

5. He para manungsa! sanyata janjiNe Allah iku temen, poma sira aja nganti kabujuk dening panguripan Donya, sarta aja kongsi kabujuk dening syetan saka Agamane Allah. 814)

٥- يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ فَلَا تَغُرَّنَّكُمُ الْحَيَاةُ الدُّنْيَا ۖ وَلَا يَغُرَّنَّكُم بِاللَّهِ الْغَرُورُ ۝

Yaa ayyuhan naasu inna wa'dallaahi haqqun falaa taghurrannakumul hayaatud dun-yaa, walaa yaghurrannakum billaahil gharuur.

6. Sanyata syetan iku dadi mungsuhira kabeh, jalaran saka iku syetan iku uga anggepen mungsuhira. Sanyata dheweke ajak-ajak marang wadyabalane supaya dadi golongane rombongan Neraka Sa'ir.

٦- إِنَّ الشَّيْطَانَ لَكُمْ عَدُوٌّ فَاتَّخِذُوهُ عَدُوًّا ۚ إِنَّمَا يَدْعُو حِزْبَهُ لِيَكُونُوا مِنْ أَصْحَابِ السَّعِيرِ ۝

Innasy syaithaana lakum 'aduwwun fattakhidzuuhu 'aduwwaa, innamaa yad'uu hizbahuu liyakuunuu min ash-haabis sa'iir.

7. Wong-wong kafir padha kapatrapan siksa kang banget larane, dene para wong Mu'min lan tumindak amal shaleh iku padha pinaringan pangapura lan ganjaran kang gedhe.

٧- الَّذِينَ كَفَرُوا لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ ۖ وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ كَبِيرٌ ۝ ع ٤

Alladzjina kafaruu lahum 'adzaabun syadiid, walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lahum maghfiratuw wa ajrun kabiir.

814). Kaum Muslimin sampun ngantos kabujuk dening semat, pangkat, lan kramat ingkang dados pirantosipun tiyang kafir kangge nyrimpung, utawi sampun ngantos kenging kapikut dening dom sumuriping banyu damelanipun syetan, ingkang saged lan masyhur bujukanipun ingkang saged kasar sarta saged alus. Makaten suraosing ayat: 5 - 8 kasebat.

8. Apa wong kang diapusi dening syetan anganggep becik tumindake kang ala, iku bisa yakin manawa iku laku becik, padha karo wong kang ora diapusi syetan? Sanyata Allah nyasarake wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan paring pituduh marang wong kang dadi kaparenging karsaNe. Mula sira aja mati jalaran nalangsakake marang wong-wong mau. Temen Allah iku Maha Ngawuningani apa kang padha ditindakake dening wong iku kabeh!

٨- أَفَمَن زُيِّنَ لَهُ سُوٓءُ عَمَلِهِۦ فَرَءَاهُ حَسَنًا ۚ فَإِنَّ ٱللَّهَ يُضِلُّ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِى مَن يَشَآءُ ۖ فَلَا تَذْهَبْ نَفْسُكَ عَلَيْهِمْ حَسَرَٰتٍ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌۢ بِمَا يَصْنَعُونَ ۝

Afaman zuyyina lahuu suu-u 'amalihii fara-aahu hasanaa, fa-innallaaha yudhillu may yasyaa-u wa yahdii may yasyaa', falaa tadzhab nafsaka 'alaihim hasaraat, innallaaha 'aliimum bimaa yashna'uun.

KakuwasaNe Allah wus gumelar ing madyaning 'Alam Jagad Raya!

9. Lan Allah kang wus ngutus angin nuli anggiring mendhung (udan) sabanjure Ingsun siramake menyang Negara kang mati, ing kono Ingsun nuli nguripake Bumi sawuse matine, lan mangkono iku uga Ingsun bakal nguripake manungsa saka kubur.

٩- وَٱللَّهُ ٱلَّذِىٓ أَرْسَلَ ٱلرِّيَٰحَ فَتُثِيرُ سَحَابًا فَسُقْنَٰهُ إِلَىٰ بَلَدٍ مَّيِّتٍ فَأَحْيَيْنَا بِهِ ٱلْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ كَذَٰلِكَ ٱلنُّشُورُ ۝

Wallaahul ladzii arsalar riyaaha fatutsiiru sahaaban fasuqnaahu ilaa baladim mayyi-tin fa-ahyainaa bihil ardha ba'da mauti-haa, kadzaalikan nusyuur.

10. Sapa kang sumeja golek kamulyan, kamulyan iku kabeh kagunganing Allah piyambak. Katur marang PanjenengaNe ucapan becik lan kunjuk marang PanjenengaNe 'amal kang becik, dene wong-wong kang padha nindakake pangreka daya ala bakal kapatrapan siksa kang abot, tur pangreka dayane wong-wong mau bakal rusak!

١٠- مَن كَانَ يُرِيدُ ٱلْعِزَّةَ فَلِلَّهِ ٱلْعِزَّةُ جَمِيعًا ۚ إِلَيْهِ يَصْعَدُ ٱلْكَلِمُ ٱلطَّيِّبُ وَٱلْعَمَلُ ٱلصَّٰلِحُ يَرْفَعُهُۥ ۚ وَٱلَّذِينَ يَمْكُرُونَ ٱلسَّيِّـَٔاتِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ ۖ وَمَكْرُ أُو۟لَٰٓئِكَ هُوَ يَبُورُ ۝

Man kaana yuriidul 'izzata falillaahil 'izzatu jamii'aa, ilaihi yash'adul kalimuth thayyibu wal 'amalush shaalihu yarfa'uh, walladziina yamkuruunas sayyi-aati la-hum 'adzaabun syadiid, wa makru ulaa-ika huwa yabuur.

11. Allah kang wus nitahake sira kabeh saka lemah (lebu), tumuli saka banyu kama, PanjenengaNe nuli andamel sira kabeh padha jejodhohan, ora ana wong wadon kang ngandheg utawa nglahirake wetengane kajaba wus Kawuningan ing PanjenengaNe, lan maneh ora ana wong kaparingan umur dawa

١١- وَٱللَّهُ خَلَقَكُم مِّن تُرَابٍ ثُمَّ مِن نُّطْفَةٍ ثُمَّ جَعَلَكُمْ أَزْوَٰجًا ۚ وَمَا تَحْمِلُ مِنْ أُنثَىٰ وَلَا تَضَعُ إِلَّا بِعِلْمِهِۦ ۚ وَمَا يُعَمَّرُ مِن مُّعَمَّرٍ وَلَا يُنقَصُ مِنْ عُمُرِهِۦٓ إِلَّا فِى كِتَٰبٍ ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٌ ۝

utawa cendhak umure, kajaba mesthi katulis ana ing Kitab Lauhil Mahfuzh. Sanyata kang mangkono mau gampang mungguhing Allah.

Wallaahu khalaqakum min turaabin tsumma min nuthfatin tsumma ja'alakum azwaajaa, wamaa tahmilu min untsaa walaa tadha'u illaa bi'ilmih, wamaa yu'ammaru mim mu'ammariw walaa yunqashu min 'umurihii illaa fii kitaab, inna dzaalika 'alallaahi yasiir.

12. Lan ora padha antarane Sagara loro iku, Segara iki banyune tawa tur seger gampang diombe, dene Segara iki asin banget banyune. Saka Sagara loro mau sira mangan daging iwak lan ngetokake papaesan kang padha sira anggo, lan sira andeleng prau lelayaran ing Segara loro mau nerajang ombak sira anggo angupaya kanugrahaning Allah, muga-muga sira kabeh padha syukur!

١٢- وَمَا يَسْتَوِي الْبَحْرٰنِ ۖ هٰذَا عَذْبٌ فُرَاتٌ سَآئِغٌ
شَرَابُهٗ وَهٰذَا مِلْحٌ اُجَاجٌ ۖ وَمِنْ كُلٍّ تَاْكُلُوْنَ
لَحْمًا طَرِيًّا وَّتَسْتَخْرِجُوْنَ حِلْيَةً تَلْبَسُوْنَهَا ۚ وَ
تَرَى الْفُلْكَ فِيْهِ مَوَاخِرَ لِتَبْتَغُوْا مِنْ فَضْلِهٖ وَ
لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝

Wamaa yastawil bahraani, haadzaa 'adzbun furaatun saa-ighun syaraabuhuu wa haadzaa milhun ujaaj, wamin kullin ta'kuluuna lahman thariyyaw wa tastakhrijuuna hilyatan talbasuunahaa wa taral fulka fiihi mawaakhira litabtaghuu min fadhlihii wa la'allakum tasykuruun.

13. PanjenengaNe nglebokake wengi ana ing rina, lan nglebokake rina ana ing wengi. Lan PanjenengaNe nglakokake Srengenge lan Rembulan kabeh padha lumaku nganggo mangsa kang wus katamtokake. Kang mangkono iku Allah Pangeranira kang kagungan Keraton, dene Pangeran sesembahanira saliyane Allah iku ora anduweni apa-apa sanajan mung sagedhene isi kurma!

١٣- يُوْلِجُ الَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَيُوْلِجُ النَّهَارَ فِي الَّيْلِ ۙ
وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ۖ كُلٌّ يَّجْرِيْ لِاَجَلٍ
مُّسَمًّى ۚ ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ لَهُ الْمُلْكُ ۚ وَالَّذِيْنَ تَدْعُوْنَ
مِنْ دُوْنِهٖ مَا يَمْلِكُوْنَ مِنْ قِطْمِيْرٍ ۝

Yuulijul laila finnahaari wa yuulijun nahaara fillail, wa sakhkharasy syamsa walqamar, kulluy yajrii li-ajalim musammaa, dzaalikumullaahu rabbukum lahul mulk, walladziina tad'uuna min duunihii maa yamlikuuna min qithmiir.

14. Manawa sira padha nyenyuwun marang sesembahanira iku, sesembahan iku ora padha krungu panyuwunira. Samungguha bisaa krungu, hiya ora bisa nyembadani panyuwunira. Lan besuk dina Qiyamat dheweke padha nyelaki panyembahanira. Lan ora bisa aweh kabar marang sira Muhammad ing perkara Donya lan Akherat, kaya Pangeran kang Maha Waspada!

١٤- اِنْ تَدْعُوْهُمْ لَا يَسْمَعُوْا دُعَآءَكُمْ ۚ وَلَوْ سَمِعُوْا مَا
اسْتَجَابُوْا لَكُمْ ۚ وَيَوْمَ الْقِيٰمَةِ يَكْفُرُوْنَ بِشِرْكِكُمْ ۚ
وَلَا يُنَبِّئُكَ مِثْلُ خَبِيْرٍ ۝

In tad'uuhum laa yasma'uu du'aa-akum, walau sami'uu mastajaabuu lakum, wa yaumal qiyaamati yakfuruuna bisyirkikum, walaa yunabbi-uka mitslu khabiir.

Hamung Allah piyambak kang Maha Sugih (ora ambutuhake liyan-berayan)

15. He para manungsa! sira kabèh iku padha butuh marang Allah, dene Allah iku Pangeran kang Maha Sugih, ora ambutuhake liyan-berayan, Maha Pinuji.

١٥- يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ أَنتُمُ ٱلْفُقَرَآءُ إِلَى ٱللَّهِ ۖ وَٱللَّهُ هُوَ ٱلْغَنِىُّ ٱلْحَمِيدُ ۝

Yaa ayyuhan naasu antumul fuqaraa-u ilallaahi, wallaahu huwal ghaniyyul hamiid.

16. Manawa dadi kaparenging karsaNe, amesthi PanjenengaNe nyirnakake sira banjur nekakake makhluq anyar liyane!

١٦- إِن يَشَأْ يُذْهِبْكُمْ وَيَأْتِ بِخَلْقٍ جَدِيدٍ ۝

In yasya' yudzhibkum wa ya'ti bikhalqin jadiid.

17. Kang mangkono iku ingatase Allah ora angel!

١٧- وَمَا ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ بِعَزِيزٍ ۝

Wamaa dzaalika 'alallaahi bi'aziiz.

Saben manungsa mung mikul dosane dhewe!

18. Wong kang dosa ora bisa mikul dosaning liyan, dene wong duwe dosa gedhe, iku nyuwuna supaya dosane dipikulake marang wong liya, ora bakal dipikulake sithik-sithika, sanajan wong mau isih sanake dhewe! Muhammad, sira iku mung jejer ngelingake marang wong-wong kang wedi ing PangeraNe ing papan kang sepi 815) lan padha nindakake Shalat, sapa kang suci atine, sucine mau migunani marang awake dhewe, mung marang Allah piyambak sowane para manungsa!

١٨- وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۚ وَإِن تَدْعُ مُثْقَلَةٌ إِلَىٰ حِمْلِهَا لَا يُحْمَلْ مِنْهُ شَىْءٌ وَلَوْ كَانَ ذَا قُرْبَىٰٓ ۗ إِنَّمَا تُنذِرُ ٱلَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُم بِٱلْغَيْبِ وَأَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ ۚ وَمَن تَزَكَّىٰ فَإِنَّمَا يَتَزَكَّىٰ لِنَفْسِهِۦ ۚ وَإِلَى ٱللَّهِ ٱلْمَصِيرُ ۝

Walaa taziru waaziratuw wizra ukhraa, wa-in tad'u mutsqalatun ilaa himlihaa laa yuhmal minhu syai-uw walau kaana dzaa qurbaa, innamaa tundzirul ladziina yakhsyauna rabbahum bil ghaibi wa aqaamush shalaat, waman tazakkaa fa-innamaa yatazakkaa linafsih, wa ilallaahil mashiir.

---

815). **Taqwa** utawi ajrihipun tiyang Mu'min dhumateng Allah SWT punika sanaosa wonten ing papan sepen, teteg teguh imanipun, sarambut pinara pitu boten ewah-gingsir; sanes malih kados ajrihipun tiyang munafik, ingkang sarwa mangro ing tingal, mlebet kandhang lembu nyuwanten hengok, mlebet ing kandhang menda nyuwanten embek! Dados taqwa lan imanipun namung pamer, kados mentas ing panggung sandhiwara aktor/aktris watak, medhak saking panggung wangsul aslinipun! Salajengipun para maos kula aturi mermanakaken ayat candhakipun no. 19 - no. 25, sarana aksioma ingkang praktis nenuntun kasadharan gesang taqwa ing masyarakat.

19. Lan ora padha wong wuta karo wong melek!

١٩- وَمَا يَسْتَوِي الْأَعْمَىٰ وَالْبَصِيرُ ۝

Walaa yastawil a'maa wal bashiir.

20. Lan ora padha pepeténg lan pepadhang.

٢٠- وَلَا الظُّلُمَاتُ وَلَا النُّورُ ۝

Walazh zhulumaatu walan-nuur.

21. Lan ora padha panggonan kang eyub lan panggonan kang panas.

٢١- وَلَا الظِّلُّ وَلَا الْحَرُورُ ۝

Walazh zhillu walal haruur.

22. Lan ora padha wong kang urip karo wong kang mati. Sanyata Allah Kuwasa paring pangrungu marang wong kang kapareng-ing karsaNe, dene sira Muhammad ora bisa aweh pangrungu marang wong kang wus ana sajeroning kubur.

٢٢- وَمَا يَسْتَوِي الْأَحْيَاءُ وَلَا الْأَمْوَاتُ ۚ إِنَّ اللَّهَ يُسْمِعُ مَنْ يَشَاءُ ۖ وَمَا أَنْتَ بِمُسْمِعٍ مَنْ فِي الْقُبُورِ ۝

Wamaa yastawil ahyaa-u walal amwaat, innallaaha yusmi'u may yasyaa-u, wamaa anta bimusmi'i, man fil qubuur.

23. Ora liya sira iku kajaba mung dadi juru-pepeling!

٢٣- إِنْ أَنْتَ إِلَّا نَذِيرٌ ۝

Inna anta illaa nadziir.

24. Sanyata Ingsun ngutus sira Muhammad, kalawan ngampil pituduh bener, ambebungah lan memedeni. Ora ana sawijining ummat kang wus kapungkur, kajaba mesthi wus ana juru-pepelinge!

٢٤- إِنَّا أَرْسَلْنَاكَ بِالْحَقِّ بَشِيرًا وَنَذِيرًا ۚ وَإِنْ مِنْ أُمَّةٍ إِلَّا خَلَا فِيهَا نَذِيرٌ ۝

Innaa arsalnaaka bilhaqqi basyiiraw wa nadziiraa, wa-im min ummatin illaa khalaa fiihaa nadziir.

25. Manawa wong-wong kafir iku padha maido ing sira Muhammad, temen uga wus padha maido wong-wong kafir biyen sadurunge dheweke. Dheweke wus karawuhan para Andika Rasule Allah sarana ngampil mu'jizat lan Kitab-Kitab carita, lan Kitab hukum kang menehi katerangan kang sempurna!

٢٥- وَإِنْ يُكَذِّبُوكَ فَقَدْ كَذَّبَ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۖ جَاءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنَاتِ وَبِالزُّبُرِ وَبِالْكِتَابِ الْمُنِيرِ ۝

Wa-in yukadzdzibuuka faqad kadzdzabal ladziina min qablihim, jaa-at-hum rusuluhum bil bayyinaati wabizzuburi wabil kitaabil muniir.

26. Ingsun nuli matrapi siksa ing wong-wong kafir, lan sumurupa kaya apa hebate akibat walat-bebendunIngsun!

٢٦- ثُمَّ أَخَذْتُ الَّذِينَ كَفَرُوا فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ۝

ع ٣

Tsumma akhadztul ladziina kafaruu fakaifa kaana nakiir.

Hamung wong-wong iku kang padha anduweni 'ilmu kang wedi ing Allah!

27. Apa sira durung sumurup yen sanyata Allah nurunake banyu saka ing Langit, Ingsun nuli ngetokake nganggo banyu iku pirang-pirang woh-wohan kang mawarna-warna rupane. Lan sawenehe dalan ing Gunung pating gelarit ana kang lemahe putih, ana kang abang mawarna-warna rupane, lan ana maneh pirang-pirang watu gedhe kang ireng anggendhileng.

٢٧- أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ أَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَخْرَجْنَا بِهِ ثَمَرَاتٍ مُّخْتَلِفًا أَلْوَانُهَا ۚ وَمِنَ الْجِبَالِ جُدَدٌ بِيضٌ وَحُمْرٌ مُّخْتَلِفٌ أَلْوَانُهَا وَغَرَابِيبُ سُودٌ ۝

Alam tara annallaaha anzala minas-samaa-i maa-an fa-akhrajnaa bihii tsamaraatim mukhtalifan alwaanuhaa, wa minal jibaali judadun biidhuw wa humrum mukhtalifun alwaanuhaa wa gharaabiibu suud.

28. Lan mangkono uga saweneh manungsa, gegremeting Bumi lan raja-kaya uga mawarna-warna rupane (jenise). Sanyata kang padha wedi marang Allah iku mung para Ulama (wong-wong kang anduweni 'ilmu) saka kawulaning Allah, satemene Allah iku Maha Gagah Prakosa tur Maha Ngapura!

٢٨- وَمِنَ النَّاسِ وَالدَّوَابِّ وَالْأَنْعَامِ مُخْتَلِفٌ أَلْوَانُهُ كَذَٰلِكَ ۗ إِنَّمَا يَخْشَى اللَّهَ مِنْ عِبَادِهِ الْعُلَمَاءُ ۗ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ غَفُورٌ ۝

Wa minan naasi waddawaabbi wal an'aami mukhtalifun alwaanuhuu kadzaalik, innamaa yakhsallaaha min 'ibaadihil 'ulamaa', innallaaha 'aziizun ghafuur.

29. Sanyata wong kang maca Kitabing Allah, lan padha nindakake Shalat, sarta andanakake rezeki peparingIngsun kalawan dhedhelikan lan ngedheng, wong mau pantes ngarep-arep kabegjan dagangan kang ora rugi.

٢٩- إِنَّ الَّذِينَ يَتْلُونَ كِتَابَ اللَّهِ وَأَقَامُوا الصَّلَاةَ وَأَنفَقُوا مِمَّا رَزَقْنَاهُمْ سِرًّا وَعَلَانِيَةً يَرْجُونَ تِجَارَةً لَّن تَبُورَ ۝

Innalladziina yatluuna kitaaballaahi wa aqaamush shalaata wa anfaquu mimmaa razaqnaahum sirraw wa 'alaaniyatay yarjuuna tijaaratal lan tabuur.

30. PanjenengaNe Allah bakal karsa nuhoni ganjaraNe tumrap wong-wong mau kalawan ganep, lan nambahi Kanugrahan paparinge. Temen PanjenengaNe iku Maha Ngapura tur Maha Syukur!

٣٠- لِيُوَفِّيَهُمْ أُجُورَهُمْ وَيَزِيدَهُم مِّن فَضْلِهِ ۚ إِنَّهُ غَفُورٌ شَكُورٌ ۝

Liyuwaffiyahum ujuurahum wa yaziidahum min fadhlih, innahuu ghafuurun syakuur.

31. Lan apa kang wus Ingsun wahyokake marang sira Muhammad, yaiku Al Quraan, iku nyata bener! Quraan mau ambenerake Kitab-Kitab Suci sadurunge. 816) Sanyata Allah iku Maha Waspada tur Maha Nupiksa marang para kawulaNe.

٣١- وَالَّذِيٓ أَوۡحَيۡنَآ إِلَيۡكَ مِنَ ٱلۡكِتَٰبِ هُوَ ٱلۡحَقُّ مُصَدِّقٗا لِّمَا بَيۡنَ يَدَيۡهِۗ إِنَّ ٱللَّهَ بِعِبَادِهِۦ لَخَبِيرُۢ بَصِيرٞ ٥

Walladzii auhainaa ilaika minal kitaabi huwal haqqu mushaddiqal limaa baina yadaih, innallaaha bi'ibaadihii lakhabiirum bashiir.

Pepangkatane ummat Islam nampa Kitab Al Quraan.

32. Sabanjure Kitab Al Quraan iku Ingsun paringake waris marang para kawulanIngsun kang wus Ingsun pilih. Ing kono ana saweneh kang nganiaya awake dhewe, ana kang samadya (tengah-tengah), lan ana maneh kang bebalapan marang kabecikan kalawan idzining Allah, kang mangkono iku kanugrahan kang gedhe! 817)

٣٢- ثُمَّ أَوۡرَثۡنَا ٱلۡكِتَٰبَ ٱلَّذِينَ ٱصۡطَفَيۡنَا مِنۡ عِبَادِنَاۖ فَمِنۡهُمۡ ظَالِمٞ لِّنَفۡسِهِۦۖ وَمِنۡهُم مُّقۡتَصِدٞۖ وَمِنۡهُمۡ سَابِقُۢ بِٱلۡخَيۡرَٰتِ بِإِذۡنِ ٱللَّهِۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلۡفَضۡلُ ٱلۡكَبِيرُ ٥

Tsumma auratsnal kitaabal ladziinash thafainaa min 'ibaadinaa faminhum zhaalimul linafsihii wa minhum muqtashid, wa minhum saabiqum bil khairaati bi-idznillaah, dzaalika huwal fadhlul kabiir.

33. Wong-wong mau bakal padha mlebu Suwarga 'Adn, ana ing kono dheweke bakal padha dianggon-anggoni pepaesan gelang emas lan mutiara, lan panganggone ana ing kono sutra!

٣٣- جَنَّٰتُ عَدۡنٖ يَدۡخُلُونَهَا يُحَلَّوۡنَ فِيهَا مِنۡ أَسَاوِرَ مِن ذَهَبٖ وَلُؤۡلُؤٗاۖ وَلِبَاسُهُمۡ فِيهَا حَرِيرٞ ٥

Jannaatu 'adniy yadkhuluunahaa yuhallauna fiihaa min asaawira min dzahabiw wa lu'lu'aa, wa libaasuhum fiihaa hariir.

816). Ing salebeting Kitab-Kitab Agama ingkang rumiyin, anerangaken badhe rawuhipun Nabi Muhammad lan Quraan, saestu kawontenan punapa dene kasunyatan panci makaten.

817). Ummat ingkang maris Al Quraan wonten tigang golongan: 1. Tiyang ingkang nganiaya badanipun piyambak, sabab langkung kathah kesalahanipun katimbang leresipun ing kuwajibaning Agami. 2. Tiyang ingkang panggah ajeg kemawon, boten majeng-majeng lan boten mundur utawi saimbang kaleresan lan kasalahanipun. 3. Tiyang ingkang saged hasil damel perebahan, kemajengan sarta menang ada-ada enggal ing babagan Duniawi lan Ukhrawi. Inggih titiyang ingkang makaten punika kapareng kersaning Allah pinaringan Hidayah lan Taufikipun. Inggih ummat punika ingkang tambah-tambah kathah kasaenan lan awis-awis kasalahanipun sarta dipun pilih Panjenenganipun Allah, sarana dhawuhipun: "alladziinash thafainaa min 'ibaadinaa".

34. Lan wong-wong mau padha memuji: "Sadaya puji kunjuk ngarsa dalem Allah ingkang sampun ambengkas kasisahan saking kawula sadaya, saestunipun Pangeran kawula punika Rena paring Pangaksama tur Maha Syukur! 818)

٣٤- وَقَالُوا الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْٓ اَذْهَبَ عَنَّا الْحَزَنَ ۭ اِنَّ رَبَّنَا لَغَفُوْرٌ شَكُوْرٌ ۝

Wa qaalul hamdulillaahil ladzii adzhaba 'annal hazan, inna rabbanaa laghafuurun syakuur.

35. Ingkang sampun mernahaken kawula manggen wonten Nagari kalanggengan saking Kanugrahanipun. Wonten ing ngriku kawula sadaya boten kataman kasulitan, ugi boten nate nemahi rekaos!

٣٥- اَلَّذِيْٓ اَحَلَّنَا دَارَ الْمُقَامَةِ مِنْ فَضْلِهٖ ۚ لَا يَمَسُّنَا فِيْهَا نَصَبٌ وَّلَا يَمَسُّنَا فِيْهَا لُغُوْبٌ ۝

Alladzii ahallanaa daaral muqaamati min fadhlih, laa yamassunaa fiihaa nashabuw walaa yamassunaa fiihaa lughuub.

36. Lan wong-wong kang padha kafir bakal kacemplungake Neraka Jahanam, dheweke ora diputusake banjur mati, 819) lan ora dienthengake siksane. Kaya mangkono iku Ingsun males marang kabeh sarupane wong kafir,

٣٦- وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَهُمْ نَارُ جَهَنَّمَ ۚ لَا يُقْضٰى عَلَيْهِمْ فَيَمُوْتُوْا وَلَا يُخَفَّفُ عَنْهُمْ مِّنْ عَذَابِهَا ۭ كَذٰلِكَ نَجْزِيْ كُلَّ كَفُوْرٍ ۝

Walladziina kafaruu lahum naara jahannam, laa yuqdhaa 'alaihim fayamuutuu walaa yukhaffafu 'anhum min 'adzaabihaa, kadzaalika najzii kulla kafuur.

37. Lan ana ing Neraka iku dheweke padha anjerit-jerit sesambat nyenyuwun: "Dhuh Pangeran kawula! mugi Paduka ngedalaken kawula saking Neraka punika, kawula lajeng badhe nindakaken kasaenan, sanes lampah ingkang sampun nate kawula tindakaken!" PangandikaNe Allah: "Ingsun apa ora wus paring umur dawa marang sira, cukup kanggo ngalap pepeling tumrap wong kang gelem golek pepeling, mangkono uga juru pepeling wus rawuh marang sira kabeh. Saiki sira padha ngrasakna, wong kang nganiaya iku ora ana kang nulungi.

٣٧- وَهُمْ يَصْطَرِخُوْنَ فِيْهَا ۚ رَبَّنَآ اَخْرِجْنَا نَعْمَلْ صَالِحًا غَيْرَ الَّذِيْ كُنَّا نَعْمَلُ ۭ اَوَلَمْ نُعَمِّرْكُمْ مَّا يَتَذَكَّرُ فِيْهِ مَنْ تَذَكَّرَ وَجَاۗءَكُمُ النَّذِيْرُ ۭ فَذُوْقُوْا فَمَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ نَّصِيْرٍ ۝

Wahum yash-tharikhuuna fiihaa, rabbanaa akhrijnaa na'mal shaalihan ghairal ladzii kunnaa na'mal, awalam nu'ammir kum maa yatadzakkaru fiihi man tadzakkara wa jaa-akumun nadziir, fadzuuquu famaa lizhzhaalimiina min nashiir.

818). **Allah** Maha Syukur punika maksudipun Allah paring ganjaran dhateng kawulanipun ingkang iman lan amal shaleh.

819). Supados langgeng lestantun ngraosaken siksa Neraka, ingkang rumiyin piyambakipun ngiwi-iwi, maiben lan anti Agama, sarta nglang-alangi tiyang badhe mlebet lan nindakaken Agama.

Kabeneraning Allah, lan ora kuwasa apa-apa sesembahan saliyane Allah.

38. Sanyata Allah iku Ngawuningani ghaibing Langit lan Bumi, lan Maha Ngudaneni, marang barang kang ana ing sajeroning ati.

٣٨- إِنَّ اللَّهَ عَالِمُ غَيْبِ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۚ إِنَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ۝

Innallaaha 'aalimu ghaibis samaawaati wal ardh, innahuu 'aliimum bidzaatish shuduur,

39. PanjenengaNe kang wus andamel sira kabeh, minangka sesulih ana ing Bumi, mangka sapa kang kafir, kekafirane iku tetep madharat marang awake, lan ana ing ngarsaning PangeraNe, kekafirane si kafir mau, ora nambahi apa-apa, kajaba mung walat-bebenduning Allah. Lan kekafirane si kafir iku ora muwuhi apa-apa kajaba mung kapitunan.

٣٩- هُوَ الَّذِي جَعَلَكُمْ خَلَائِفَ فِي الْأَرْضِ ۚ فَمَنْ كَفَرَ فَعَلَيْهِ كُفْرُهُ ۖ وَلَا يَزِيدُ الْكَافِرِينَ كُفْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ إِلَّا مَقْتًا ۖ وَلَا يَزِيدُ الْكَافِرِينَ كُفْرُهُمْ إِلَّا خَسَارًا ۝

Huwal ladzii ja'alakum khalaa-ifa fil ardh, faman kafara fa'alaihi kufruh, walaa yaziidul kaafiriina kufruhum 'inda rabbihim illaa maqtaa, walaa yaziidul kaafiriina kufruhum illaa khasaaraa.

40. Dhawuha sira Muhammad: "Aku caosana priksa brahala sesembahanira kang sira sembah saliyane Allah. Tuduhna marang aku, apa kang wus dititahake ana ing Bumi? Utawa maneh apa dheweke ngrewangi Allah anggone nitahake Langit, utawa Ingsun wus paring Kitab marang dheweke, banjur padha dianggo hujah?" Malah sanyata wong-wong kang padha nganiaya iku manawa sawenehe janji marang saweneh liyane, ora liya kajaba mung apus!

٤٠- قُلْ أَرَأَيْتُمْ شُرَكَاءَكُمُ الَّذِينَ تَدْعُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ ۖ أَرُونِي مَاذَا خَلَقُوا مِنَ الْأَرْضِ أَمْ لَهُمْ شِرْكٌ فِي السَّمٰوٰتِ ۚ أَمْ آتَيْنَاهُمْ كِتَابًا فَهُمْ عَلَىٰ بَيِّنَتٍ مِنْهُ ۚ بَلْ إِنْ يَعِدُ الظَّالِمُونَ بَعْضُهُمْ بَعْضًا إِلَّا غُرُورًا ۝

Qul ara-aitum syurakaa-a kumul ladziina tad'uuna min duunillaah, aruunii maa dzaa khalaquu minal ardhi am lahum syirkun fis-samaawaat, am aatainaahum kitaaban fahum 'alaa bayyinatim minhu bal iy ya'iduzh zhaalimuuna ba'dhuhum ba'dhan illaa ghuruuraa.

41. Satemene Allah ngeker Langit lan Bumi, supaya ora gingsir. Samungguha sakarone iku gingsir, [820] yekti ora ana siji-sijiya saliyane Allah kang bisa ngeker, sanyata PanjenengaNe iku Maha Aris tur Maha Ngapura!

٤١- إِنَّ اللَّهَ يُمْسِكُ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضَ أَنْ تَزُولَا ۚ وَلَئِنْ زَالَتَا إِنْ أَمْسَكَهُمَا مِنْ أَحَدٍ مِنْ بَعْدِهِ ۚ إِنَّهُ كَانَ حَلِيمًا غَفُورًا ۝

820). **Maksudipun saupami tumitahing Langit lan Bumi wonten ewah gingsir ingkang boten beres sarta boten temata sae, tamtu badhe bibrah punapa ingkang gumelar ing Alam Jagad-Raya. Ananging nyatanipun tatanan lan lumampahing Alam sauba-rampenipun Tata Surya tetep tansah ajeg, rinten dalu tansah nuwuhaken solah bawa ingkang murakabi sadaya titah ing ngarsapada. Sarta saking solah bawa kompak lan dinamis punika manungsa saged mendhet berkahipun ilmu kasagedan mawarni-warni, ilmu sosial lan ilmu eksakta!**

Innallaaha yumsikus samaawaati wal ardha an tazuulaa, wala-in zaalataa in amsakahumaa min ahadim mim ba'dih, innahuu kaana haliiman ghafuuraa.

42. Lan wong-wong kafir padha sumpah kalawan asmane Allah kalawan temen-temen, manawa dheweke karawuhan juru pepeling, mesthi dheweke kang bakal oleh pituduh ngungkuli ummat liyane. 821) Ananging bareng juru pepeling mau wus rawuh temenan marang dheweke, ora muwuhi marang wong-wong iku kajaba malah saya ngadoh!

٤٢- وَأَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ لَئِنْ جَاءَهُمْ نَذِيرٌ لَيَكُونُنَّ أَهْدَىٰ مِنْ إِحْدَى الْأُمَمِ فَلَمَّا جَاءَهُمْ نَذِيرٌ مَا زَادَهُمْ إِلَّا نُفُورًا ۝

Wa aqsamuu billaahi jahda aimaanihim la-in jaa-ahum nadziirul layakuunanna ahdaa min ihdal umam, falammaa jaa-ahum nadziirum maa zaadahum illaa nufuuraa.

43. Jalaran padha gumedhe ana Bumi, lan padha nindakake pangreka daya ala. Lan pangreka daya ala iku ora angenani kajaba marang kang nindakake dhewe! Ora ana liya kang padha dienteni dening wong-wong mau kajaba Sunnahing Allah, kang wus kaleksanan tumindak, marang para wong kuna. Sira Muhammad ora bakal ketemu (sumurup) Sunnahing Allah iku diganti, lan sira ora nemu Sunnahing Allah iku diowahi! 822)

٤٣- اسْتِكْبَارًا فِي الْأَرْضِ وَمَكْرَ السَّيِّئِ ۚ وَلَا يَحِيقُ الْمَكْرُ السَّيِّئُ إِلَّا بِأَهْلِهِ ۚ فَهَلْ يَنْظُرُونَ إِلَّا سُنَّتَ الْأَوَّلِينَ ۚ فَلَنْ تَجِدَ لِسُنَّتِ اللَّهِ تَبْدِيلًا ۖ وَلَنْ تَجِدَ لِسُنَّتِ اللَّهِ تَحْوِيلًا ۝

Istikbaaran fil ardhi wa makras sayyi', walaa yahiiqul makrus sayyi'u illaa bi-ahlih, fahal yanzhuruuna illaa sunnatal awwaliin, falan tajida lisunnatillaahi tabdiilaa, walan tajida lisunnatillaahi tahwiilaa.

Darmawisata ilmiyah kanggo neliti kakuwasaning Allah ing Bumi.

44. Lan apa wong-wong iku durung lelana darmawisata ana ing Bumi, banjur mikir-mikir kapriye wekasane wong-wong kuna dhuk jaman biyen, tur kang kakuwatane angluwihi tinimbang dheweke. Lan ora pisan-pisan ana sawijining barang ing Langit utawa ing Bumi kang bisa ngapesake Allah, sanyata PanjenengaNe Allah iku Maha Ngawuningani tur Maha Kuwasa!

٤٤- أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنْظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ وَكَانُوا أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً ۚ وَمَا كَانَ اللَّهُ لِيُعْجِزَهُ مِنْ شَيْءٍ فِي السَّمَاوَاتِ وَلَا فِي الْأَرْضِ ۚ إِنَّهُ كَانَ عَلِيمًا قَدِيرًا ۝

821). Sabagean tetiyang kafir Mekkah nate gadhah tekad, bilih saupami piyambakipun karawuhan Rasul, tamtu badhe dados ummat ingkang langkung sae tinimbang tiyang Nasrani lan Yahudi ingkang mejahi Nabi.

822). Sunnah Allah tetep kapatrapan ummat jaman rumiyin utawi jaman sapunika, bilih sintena kemawon maiben lan reaksioner dhumateng Agamining Allah, tamtu nampi bebenduning Allah saadil-adilipun.

Awalam yasiiruu fil ardhi fayanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul ladziina min qablihim wa kaanuu asyadda minhum quwwah, wamaa kaanallaahu liyu'jizahuu min syai-in fis-samaawaati walaa fil ardh, innahuu kaana 'aliiman qadiiraa.

45. Samungguha Allah matrapi siksa marang manungsa, sabab saka tumindake anggone padha maksiyat, temen ora ana gegremet siji bae kang kari ana ing Bumi. Ananging Allah anyarantekake wong iku kabeh, tumeka mangsa kang wus katamtokake. Manawa titimangsa mau wus teka, sanyata Allah iku Maha Wikan marang para kawula-Ne! 823)

٤٥- وَلَوْ يُؤَاخِذُ اللّٰهُ النَّاسَ بِمَا كَسَبُوْا مَا تَرَكَ عَلٰى ظَهْرِهَا مِنْ دَآبَّةٍ وَّلٰكِنْ يُّؤَخِّرُهُمْ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ۚ فَاِذَا جَآءَ اَجَلُهُمْ فَاِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِعِبَادِهٖ بَصِيْرًا ۝

Walau yu-aakhidul-laahun naasa bimaa kasabuu maa taraka 'alaa zhahrihaa min daabbatiw walaakiy yu-akhkhiruhum ilaa ajalim musammaa, fa-idzaa jaa-a ajaluhum fa-innallaaha kaana bi 'ibaadihii bashiiraa.

***).

---

823). "Daabbah" ma'nanipun gegremet, ingkang dipun maksud manungsa. Dene maksudipun Allah Maha Wikan ing ngriki badhe boten wonten ingkang kalangkungan sadaya raga (awak) tamtu wonten ing titimangsanipun anemahi ing pati.

***). Katerangan ingkang wonten sasambetanipun manunggaling ancas tujuan (interkorelasi) saking surat Faathir kalayan surat Yaa Siin, ing antawisipun makaten:

1. Menggah maksud ingkang baku ing surat Faathir punika paring pepenget ing manungsa sadaya, supados enget fungsi utawi jejering tumitah ing Bumi punika ngemban dhawuh dados Khalifah Allah ing 'alam Donya, saged ngrembakakaken Kabudayan ILahy, lan sampun ngantos kelut ing pambujukipun Kabudayan syetan ingkang rinanjam! Dene wonten surat Yaa Siin Gusti Allah suka katerangan bilih Junjungan Kita Nabi Muhammad s.a.w. punika Rasul Pungkasan ingkang tansah lumampah leres ing Margining Allah, sarta Kabudayan ingkang dipun bangun dening Rasulullah sarwa Universal lan Murakabi gesang ing Donya dumugining gesang langgeng ing Akherat. Syare'atipun gampil katindakaken ing tiyang Ngawam, boten wonten satunggal kemawon saking pernatanipun ingkang damel awrat ing Kamanungsan, pramila cocok ing zaman punapa kemawon, lan Agami ingkang ambangun budi-pekerti jujur, bares, kendel, lan beres wonten ing Sesrawunganing Masyarakat!

2. Wonten kakalihipun surat wau, sami-sami anyebataken bilih Allah naklukaken sarana 'Ilminipun lan Qudrat Iradatipun bilih Surya lan Rembulan sarta Lintang-Lintang sami lumampah sarana aturan ingkang ajeg ing falakipun piyambak-piyambak, saperlu kangge sesuluh ing petangan Wulan, Tahun, Dinten, Jam utawi Dhetiking mangsa. Utawi hikmah sanes-sanesipun ingkang dereng telas-telas para Sarjana sami madosi malih kawigatosan-kawigatosan sarana tehnologi modern!

YAA SIIN

Surat kaping 36 : 83 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 45 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Jin.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Yaa Siin (Hamung ngarsa dalem Allah kang Nupiksa maksude).

١- يٰسٓ ۝

Yaa Siin.

2. Demi Al Quraan kang kebak hikmah-kawicaksanan! 824)

٢- وَالْقُرْاٰنِ الْحَكِيْمِ ۝

Wal qur-aanil hakiim.

3. Sanyata sira Muhammad iku golongane para Andika Rasul.

٣- اِنَّكَ لَمِنَ الْمُرْسَلِيْنَ ۝

Innaka laminal mursaliin.

4. Kang netepi ana ing dalan kang bener!

٤- عَلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

'Alaa shiraathim mustaqiim.

5. Tumuruning Quraan wus terang saka ngarsa dalem Pangeran kang Maha Gagah Prakosa, tur Maha Asih!

٥- تَنْزِيْلَ الْعَزِيْزِ الرَّحِيْمِ ۝

Tanziilal 'aziizir rahiim.

824). **Quraan** punika mumpuni sadaya hikmah-kawicaksanan hajad ngagesangipun manungsa wiwit saking Donya dumugi ing 'alam Akherat. Sarana atur sanes hikmah saking sumber Wahyu ILahy punika mumpuni pola sesambetâning makhluk kalayan Allah (Al Khaliq), pola sesrawungan makhluk kaliyan sasami-sami makhluk sarta alam sakiwa tengenipun, lan pola manungsa (makhluk) kalayan pribadinipun piyambak. Makaten ugi Quraan wonten ing sismatika Hukum Asas punika kados kasebat:

1. **Quraan** minangka Undang-Undang Dasar Islam, saking ngarsa dalem Allah.
2. **Sunnah Hadist** minangka Undang-Undang Islam, saking Rasulullah s.a.w.
3. **Ijtihad** minangka Peraturan ISlam, saking Muslim ahli ilmu.

٦- لِتُنذِرَ قَوْمًا مَّآ أُنذِرَ ءَابَآؤُهُمْ فَهُمْ غَٰفِلُونَ ۝

6. Supaya sira aweh pepeling marang kaum kang Bapak-Bapakne durung tau oleh pepeling, sabab dene dheweke mau padha lali (lena).

Litundzira qaumam maa undzira aabaa-uhum fahum ghaafiluun.

Sabab nglirwakake pepeling saka ngarsaning Allah, wong kafir mau disiksa!

٧- لَقَدْ حَقَّ ٱلْقَوْلُ عَلَىٰٓ أَكْثَرِهِمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ۝

7. Sanyata wus tetep dhawuh siksaning Allah marang akeh-akehe wong-wong mau, dheweke padha ora gelem percaya!

Laqad haqqal qaulu 'alaa aktsarihim fahum laa yu'minuun.

٨- إِنَّا جَعَلْنَا فِىٓ أَعْنَٰقِهِمْ أَغْلَٰلًا فَهِىَ إِلَى ٱلْأَذْقَانِ فَهُم مُّقْمَحُونَ ۝

8. Sanyata Ingsun wus ngalungi belenggu ana ing gulune wong-wong mau, nyengkal marang janggute, temahan andedangak ora padha bisa andhingklukake sirahe! 825)

Innaa ja'alnaa fii a'naaqihim aghlaalan fahiya ilal adzqaani fahum muqmahuun.

٩- وَجَعَلْنَا مِنۢ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ سَدًّا وَمِنْ خَلْفِهِمْ سَدًّا فَأَغْشَيْنَٰهُمْ فَهُمْ لَا يُبْصِرُونَ ۝

9. Lan Ingsun wus nyelehake aling-aling ana ing sangarepe lan ana ing burine, nuli Ingsun tutup pandelenge, mangka wong-wong mau ora padha weruh. 826)

Wa ja'alnaa mim baini aidiihim saddaw wamin khalfihim saddan fa-aghsyainaa-hum fahum laa yubshiruun.

١٠- وَسَوَآءٌ عَلَيْهِمْ ءَأَنذَرْتَهُمْ أَمْ لَمْ تُنذِرْهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ۝

10. Lan padha bae ingatase wong-wong mau 827) sira wewedeni utawa ora sira wewedeni, ora padha gelem iman ing Quraan!

Wa sawaa-un 'alaihim a-andzartahum am lam tundzirhum laa yu'minuun.

---

825). Menggah suraosing ayat punika anerangaken tiyang boten purun iman, Gusti Allah lajeng belenggu jiwa (mental)ipun, kados dene manungsa dipun belenggu gulu-gulunipun, wusana boten saged andengangak tekebur kemalungkung, nanging malah asor sabab katelingkung lan kabalenggung!

826). Kados utawi sarupi suraosing ayat no 8, iang ayat punika dipun gambaraken tiyang boten purun iman, kasanepakaken tiyang katutup aling-aling (tembok) ngajeng, wingking, ngandhap lan nginggil, lajeng dados wuta saking sadaya tumindak kasaenan Ukhrowi utawi ibadah-ibadah sosial!

827). Maksudipun sabagean tiyang-tiyang wau, boten sedaya! Gan blangipun boten sedaya tiyang kafir Mekkah, munafik, Yahudi, Nasrani lan musyrik punika manahipun atos sadaya, boten mempan Da'wah Islamiyah ingkang kaampil Rasulullah s.a.w.

11. Mesthine pepelingira iku maedahi marang wong kang manut anggatekake pepeling, lan taqwa marang Pangeran kang Maha Murah kalawan urusan ghaib. Dheweke iku sira bebungahen kalawan oleh pangapura lan ganjaran kang mulya!

١١- إِنَّمَا تُنذِرُ مَنِ اتَّبَعَ الذِّكْرَ وَخَشِيَ الرَّحْمَٰنَ بِالْغَيْبِ ۖ فَبَشِّرْهُ بِمَغْفِرَةٍ وَأَجْرٍ كَرِيمٍ ۝

Innamaa tundziru manittaba'adz dzikra wa khasyiyar rahmaana bil ghaibi fabasysyirhu bimaghfiratiw wa ajrin kariim

12. Sanyata Ingsun bakal nguripake wong kang padha mati, Ingsun tulis kabeh amal kang wus padha ditindakake, lan lelabetane, lan kabeh barang iku Ingsun cathet, ana ing Kitab kang pratela! 828)

١٢- إِنَّا نَحْنُ نُحْيِي الْمَوْتَىٰ وَنَكْتُبُ مَا قَدَّمُوا وَآثَارَهُمْ ۚ وَكُلَّ شَيْءٍ أَحْصَيْنَاهُ فِي إِمَامٍ مُّبِينٍ ۝

Innaa nahnu nuhyil mautaa wa naktubu maa qaddamuu wa aatsaarahum, wa kulla syai-in ah-shainaahu fii immaamim mubiin.

Carita warga sawijining Kutha Antiyoki kang migunani warganing kutha Mekkah.

13. Lan gawenen sira Muhammad, sawijining sanepa tumrap wong-wong Mekkah, yaiku warga sawijining Negara (Kutha) Antiyoki, ing nalika karawuhan para Utusan 829)

١٣- وَاضْرِبْ لَهُم مَّثَلًا أَصْحَابَ الْقَرْيَةِ إِذْ جَاءَهَا الْمُرْسَلُونَ ۝

Wadhrib lahum matsalan ash-haabal qaryati idz jaa-a hal mursaluun.

14. Yaiku nalika Ingsun angutus Utusan loro marang wong-wong mau, banjur padha maido, Ingsun nuli angutus maneh Utusan kang katelu, Utusan telu mau banjur ngandika: "Aku kabeh iki diutus marang sira kabeh!"

١٤- إِذْ أَرْسَلْنَا إِلَيْهِمُ اثْنَيْنِ فَكَذَّبُوهُمَا فَعَزَّزْنَا بِثَالِثٍ فَقَالُوا إِنَّا إِلَيْكُم مُّرْسَلُونَ ۝

Idz arsalnaa ilaihimuts naini fakadzdzabuu humaa fa'azzaznaa bitsaalitsin faqaaluu innaa ilaikum mursaluun.

---

828). Inggih punika Lauhil Mahfuzh satunggaling papan minulya lan kareksa sampurna, isi Kitab cathetan 'amal-'amalipun sadaya makhluq. Terminologi ing Al Quraan kadhangkala kasebat "imamim mubiin" maknanipun Imam ingkang pratela (Baboning Kitab kang terang). Panci dipun akeni dening ahli basa bilih vareasi angginakaken basa lan ngrakit lapal dados pangertosan, punika salah satunggaling bukti mu'jizat kaunggulan kasusastranipun Quraan. Conto ing ngriki "Yaa Siin" punika tegesipun manungsa! Wonten panggenan sanes manungsa kasebat "Daabbah" utawi gegremet, maksudipun manungsa ingkang pating gremet, wira-wiri, ngalerngidul, ngetan wangsul ngilen!

829). Inggih punika Utusanipun Nabi 'Isa a.s. rawuh ing Antiyoki supados ingkang sami dedunung ing ngriki ngrasuk Agami. Ananging Utusan kakalih ngantos ingkang kaping tiga sadaya dipun paiben. Malah sami andakwa Utusan wau ingkang nyebabaken kasangsaran lan ngancam badhe ngranjam para Utusan. Suraosing ayat punika (ayat: 13 - 19) dadosa piwucal sae warganing kitha Mekkah, utawi ing pundi-pundi papan manawa karawuhan Da'wah Islamiyah!

15. Kaume matur: "Boten sanes panjenengan sadaya punika, kajawi namung titiyang kados kula, Allah ingkang Maha Murah boten nurunaken punapa-punapa. Boten sanes panjenengan sadaya punika, kajawi sami goroh".

١٥- قَالُوا مَا أَنتُمْ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُنَا وَمَا أَنزَلَ الرَّحْمَٰنُ مِن شَيْءٍ إِنْ أَنتُمْ إِلَّا تَكْذِبُونَ ○

Qaaluu maa antum illaa basyarum mitslunaa wamaa anzalar rahmaanu min syai-in in kuntum illaa tukadzdzibuun.

16. Utusan tetelu mau ngendika: "Pangeranku Nguningani manawa temen aku iki kautus marang sira kabeh!"

١٦- قَالُوا رَبُّنَا يَعْلَمُ إِنَّا إِلَيْكُمْ لَمُرْسَلُونَ ○

Qaaluu rabbunaa ya'lamu innaa ilaikum lamursaluun.

17. Lan satemene kuwajibanku ora liya kajaba mung maratakake dhawuhing Allah kang nyata!"

١٧- وَمَا عَلَيْنَا إِلَّا الْبَلَاغُ الْمُبِينُ ○

Wamaa 'alainaa illal balaaghul mubiin.

18. Kaume matur: "Kula sami nemahi cilaka jalaran saking panjenengan sakanca. Manawi panjenengan boten purun kendel anggenipun da'wah, tamtu panjenengan badhe kula ranjam, lan tamtu badhe kapatrapan siksa ingkang sakit saking kula sadaya!"

١٨- قَالُوا إِنَّا تَطَيَّرْنَا بِكُمْ لَئِن لَّمْ تَنتَهُوا لَنَرْجُمَنَّكُمْ وَلَيَمَسَّنَّكُم مِّنَّا عَذَابٌ أَلِيمٌ ○

Qaaluu innaa tathayyarnaa bikum, la-illam tantahuu lanarjumannakum wa layamassannakum minnaa 'adzaabun aliim.

19. Utusan mau ngandika maneh: "Kacilakanira iku jalaran kufurira. Apa hiya, sira diwenehi pepeling banjur cilaka? Nanging satemene sira kabeh iku pancen kaum kang padha ngliwati wates!"

١٩- قَالُوا طَائِرُكُم مَّعَكُمْ أَئِن ذُكِّرْتُم بَلْ أَنتُمْ قَوْمٌ مُّسْرِفُونَ ○

Qaaluu thaa-irukum ma'akum, a-in dzukkirtum, bal antum qaumum musrifuun.

20. Lan wus teka sawijining wong lanang saka poncoting Negara kalawan gupuh-gupuh, banjur ngucap marang kaume: "He kaumku! sira padha andhereka para UtusaNe Allah!"

٢٠- وَجَاءَ مِنْ أَقْصَى الْمَدِينَةِ رَجُلٌ يَسْعَىٰ قَالَ يَا قَوْمِ اتَّبِعُوا الْمُرْسَلِينَ ○

Wa jaa-a min aqshal madiinati rajuluy yas'aa qaala yaa qaumit tabi'ul mursaliin.

21. Sira padha andhereka wong kang ora mundhut upah ing sira tur padha oleh pituduh! 830)

٢١- اتَّبِعُوا مَن لَّا يَسْأَلُكُمْ أَجْرًا وَهُم مُّهْتَدُونَ ○

830). Menggah maksuding ayat: 20 - 21 punika anerangaken bilih saking salah satunggaling warga kitha Antiyoki dhateng sarana gupuh ing kaum ingkang sami kafir lan ngancam para Utusan utawi Muballigh-ipun Nabi 'Isa a.s. tumunten ngendika: "He kaumku! Sira padha andhereka Utusaning Allah; inggih para Utusan ingkang boten nyuwun upah kangge mimpin panjenengan sami. Para Utusan boten nyuwun upah punika, anedahaken cetha bilih para Utusan punika Pemimpin ingkang sami ikhlas sarta Pemimpin ingkang kaparenging Allah pinaringan Hidayah lan Taufikipun!"

Ittabi'uu mallaa yas-alukum ajraw wa-hum muhtaduun.

JUZ 23

22. Apa sababe aku ora nyembah Pangeran kang wus nitahake aku, lan marang PanjenegaNe sira kabeh bakal padha disowanake! 831)

٢٢- وَمَا لِيَ لَآ أَعْبُدُ الَّذِي فَطَرَنِي وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ۝

Wamaa liya laa a'budulladzii fatharanii wa ilaihi turja'uun.

23. Apa pantes aku ngalap Pangeran sesembahan saliyane Allah, ing mangka manawa Pangeran kang Maha Murah ngersakake cilakaku, syafa'at sesembahan saliyane Allah mau ora bisa nulungi aku sithik-sithika, lan ora bisa nylametake aku.

٢٣- ءَأَتَّخِذُ مِن دُونِهِ آلِهَةً إِن يُرِدْنِ الرَّحْمَٰنُ بِضُرٍّ لَّا تُغْنِ عَنِّي شَفَاعَتُهُمْ شَيْـًٔا وَلَا يُنقِذُونِ ۝

A-attakhidzu min duunihii aalihatan iy-yuridnir rahmaanu bidhurril laa tughni 'annii syafaa'atuhum syai-aw walaa yun-qidzuun.

24. Sanyata yen nganti aku mangkono ngalap sesembahan saliyane Allah, temen ana ing sasar kang nyata".

٢٤- إِنِّيٓ إِذًا لَّفِي ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ۝

Innii idzal lafii dhalaalim mubiin.

25. Satemene aku iman marang Pangeranira, mara sira padha ngrungokna marang aku!" 832)

٢٥- إِنِّيٓ ءَامَنتُ بِرَبِّكُمْ فَٱسْمَعُونِ ۝

Innii aamantu birabbikum fasma'uun.

26. Didhawuhi dening para Malaikat marang wong-wong mau: "Sira lumebua Suwarga!" Pangucape wong mau: "Muga-muga kaumku padha mangerti.

٢٦- قِيلَ ٱدْخُلِ ٱلْجَنَّةَ قَالَ يَٰلَيْتَ قَوْمِي يَعْلَمُونَ ۝

Qiilad-khulil jannata qaala yaa laita qaumii ya'lamuun.

27. Anggone Allah Pangeranku wus paring pangapura marang aku, lan andadekake aku kalebu golongane wong-wong kang dimulyakake!" 833)

٢٧- بِمَا غَفَرَ لِي رَبِّي وَجَعَلَنِي مِنَ ٱلْمُكْرَمِينَ ۝

Bimaa ghafara lii rabbii wa ja'alanii minal mukramiin.

---

831). Katingal ing ayat punika, bilih tiyang ingkang dhateng gupuh wau malah dipun pitakeni: "Kenging punapa panjenengan iman dhateng Agami ingkang dipun asta para Utusan?" Lajeng dipun jawab kados ayat: 22 - 25.

832). Punika wicantenipun tiyang saking Antiyoki ingkang dhateng gupuh lan sampun iman ing—Kautusipun sarta Agami syare'atipun Nabi 'Isa a.s.

833). Gusti Allah anggamblangaken dhumateng kita sami, bilih benjing ing dinten Qiyamat, kados dene tiyang Antiyoki ingkang Mu'min wau badhe kadhawuhan: "Sira lumebua Suwarga!", ing wekdal punika piyambakipun wicanten: "Saeba kaum kula badhe manggih kabegjan ageng, kados dene Allah ing wekdal punika paring pangapunten ing kula, sarta nglebetaken kula dados golonganipun tiyang ingkang dipun mulyakaken!" makaten surosing ayat: 26 - 27.

28. Lan sawuse 'Isa, Ingsun ora ngutus wadyabala saka Langit marang kaume, lan Ingsun ora bakal nurunake. 834)

٢٨- وَمَآ أَنزَلْنَا عَلَىٰ قَوْمِهِۦ مِنۢ بَعْدِهِۦ مِن جُندٍ مِّنَ السَّمَآءِ وَمَا كُنَّا مُنزِلِينَ ۝

Wamaa anzalnaa 'alaa qaumihii mim-ba'dihii min jundim minas-samaa-i wa maa kunnaa khaamiduun.

29. Ora ana siksa iku marang dheweke kajaba suwara Malaikat metak sapisan bae, dumadakan wong-wong mau banjur padha mati.

٢٩- إِن كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَٰحِدَةً فَإِذَا هُمْ خَٰمِدُونَ ۝

In-kaanat illaa shaihataw waahidatan fa-idzaa hum khaamiduun.

Diterangake sarana gamblang tumrap wong kang ora iman.

30. Saiba gedhe panalangsane wong-wong iku kang ora iman, saben-saben karawuhan Rasul, ora ana liya mung padha anggeguyu!

٣٠- يَٰحَسْرَةً عَلَى ٱلْعِبَادِ ۚ مَا يَأْتِيهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ۝

Yaa hasratan 'alal 'ibaadi maa ya'tii-him mir-rasuulin illaa kaanuu bihii yastahzi-uun.

31. Apa wong-wong iku durung sumurup, wus pira kehe ummat sadurunge dheweke kang padha Ingsun sirnakake ora ana kang bali urip ana ing Donya maneh!

٣١- أَلَمْ يَرَوْا۟ كَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّنَ ٱلْقُرُونِ أَنَّهُمْ إِلَيْهِمْ لَا يَرْجِعُونَ ۝

Alam yarau kam ahlaknaa qablahum minal quruuni annahum ilaihim laa yarji'uun.

32. Lan siji-sijining makhluq itu mesthi disowanake ana ing ngarsanIngsun kabeh bae!

٣٢- وَإِن كُلٌّ لَّمَّا جَمِيعٌ لَّدَيْنَا مُحْضَرُونَ ۝

Wa-in kullul lammaa jamii'ul ladainaa muhdharuun.

Pertandha Maha Kuwasaning Allah SWT.

33. Lan dadi tandha yektining Allah marang wong iku, yaiku anggonIngsun nguripake Bumi kang mati, lan Ingsun wetokake wiji saka kono, sawenehe padha dipangan.

٣٣- وَءَايَةٌ لَّهُمُ ٱلْأَرْضُ ٱلْمَيْتَةُ ۖ أَحْيَيْنَٰهَا وَأَخْرَجْنَا مِنْهَا حَبًّا فَمِنْهُ يَأْكُلُونَ ۝

834). Artosipun, bilih sasampunipun Nabi 'Isa a.s., Allah boten ngutus para Malaikat saking Langit kangge matrapaken siksa, sarta ugi saderengipun dereng nate Allah ngutus para Malaikat dhateng kaum wau.

Wa aayatul lahumul ardhul maitatu ahyainaahaa wa akhrajnaa minhaa habban faminhu ya'kuluun.

34. Ing kono Ingsun dadekake pakebonan wit kurma, lan anggur sarta Ingsun ileni banyu saka sumber!

٣٤- وَجَعَلْنَا فِيهَا جَنَّٰتٍ مِّن نَّخِيلٍ وَأَعْنَابٍ وَفَجَّرْنَا فِيهَا مِنَ الْعُيُونِ ۝

Wa ja'alnaa fiihaa jannaatim min nakhiiliw wa a'naabiw wa fajjarnaa fiihaa minal 'uyuun.

35. Supaya wong-wong mau padha mangan saka woh-wohane, lan padha mangan hasiling pakaryane, apa dheweke ora padha gelem syukur?

٣٥- لِيَأْكُلُوا مِن ثَمَرِهِ وَمَا عَمِلَتْهُ أَيْدِيهِمْ ۖ أَفَلَا يَشْكُرُونَ ۝

Lya'kuluu min tsamarihii wamaa 'amilathu aidiihim, afalaa yashkuruun.

36. Maha Suci Allah kang wus anitahake kabeh barang jejodhohan, yaiku saka thethukulaning Bumi, lan saka awake wong iku kabeh, lan maneh saka barang kang ora padha disumurupi!

٣٦- سُبْحَانَ الَّذِي خَلَقَ الْأَزْوَاجَ كُلَّهَا مِمَّا تُنۢبِتُ الْأَرْضُ وَمِنْ أَنفُسِهِمْ وَمِمَّا لَا يَعْلَمُونَ ۝

Subhaanal ladzii khalaqal azwaaja kullahaa mimmaa tumbitul ardhu wamin anfusihim wa mimmaa laa ya'lamuun.

37. Lan dadi tandha yekti Maha Kuwasaning Allah marang wong iku, yaiku wayah bengi Ingsun nyilahake rahina saka wengi iku, ing kono dheweke banjur padha kapetengan! 835)

٣٧- وَآيَةٌ لَّهُمُ اللَّيْلُ ۖ نَسْلَخُ مِنْهُ النَّهَارَ فَإِذَا هُم مُّظْلِمُونَ ۝

Wa aayatul lahumul lailu naslakhu minhun nahaara fa-idzaa hum muzhlimuun.

38. Lan maneh Srengenge iku lumaku ana ing ubenging lakune, kang mangkono iku katetepaning Pangeran kang Maha Gagah Prakosa tur Maha Suwignya.

٣٨- وَالشَّمْسُ تَجْرِي لِمُسْتَقَرٍّ لَّهَا ۚ ذَٰلِكَ تَقْدِيرُ الْعَزِيزِ الْعَلِيمِ ۝

Wasysyamsu tajrii limustaqarril lahaa, dzaalika taqdiirul 'aziizil 'aliim.

835). Salah satunggaling tandha bukti Kuwasanipun Allah punika dumadosipun wanci dalu ingkang peteng. Peteng punika asalipun, sanes siang, jalaran siang punika dhateng dipun sababaken dening Surya.

39. Lan maneh Rembulan iku wus Ingsun tetepake ubenging lakune, ana ing panggonan-panggonane, nganti bali marang panggonane kang akhir, kaya dene manggaring woh kurma kang cilik, yaiku ratih tanggal pratama! 836)

٣٩- وَالْقَمَرَ قَدَّرْنٰهُ مَنَازِلَ حَتّٰى عَادَ كَالْعُرْجُوْنِ الْقَدِيْمِ ۝

Walqamara qaddarnaahu manaazila hattaa 'aada kal 'urjuunil qadiim.

40. Ora bisa ubenging laku Rawikara (Srengenge) nututi ubenging laku Ratih (Rembulan), lan ora bisa wengi iku andhisiki rina. Kabeh padha lumaku ana ing cakrawalane dhewe-dhewe.

٤٠- لَا الشَّمْسُ يَنْۢبَغِيْ لَهَآ اَنْ تُدْرِكَ الْقَمَرَ وَلَا الَّيْلُ سَابِقُ النَّهَارِ ۭ وَكُلٌّ فِيْ فَلَكٍ يَّسْبَحُوْنَ ۝

Lasysyamsu yambaghii lahaa an-tudrikal qamara walallailu saabiqun nahaari, wa kullan fii falakiy yasbahuun.

41. Lan dadi tandha yekti agung maneh Purba Wasesaning Allah tumrap wong-wong iku, yaiku anggonIngsun momotake tedhak turune wong-wong mau ana ing prau kang kebak momotan! 837)

٤١- وَاٰيَةٌ لَّهُمْ اَنَّا حَمَلْنَا ذُرِّيَّتَهُمْ فِي الْفُلْكِ الْمَشْحُوْنِ ۝

Wa aayatul lahum annaa hamalnaa dzurriyyatahum fil fulkil masy-huun.

42. Lan Ingsun andamel pepadhane prau mau, yaiku barang kang padha ditunggangi ing Bumi.

٤٢- وَخَلَقْنَا لَهُمْ مِّنْ مِّثْلِهٖ مَا يَرْكَبُوْنَ ۝

Wa khalaqnaa lahum mim mitslihii maa yarkabuun.

836). Allah SWT sampun anamtokaken bilih ubenganing lampah Rembulan punika saarah kaliyan Surya, ananging mlampahipun langkung rikat, inggih punika saben dinten 13 derajat, dene Surya kirang saking 1 derajat. Dados saben 29 dinten Rembulan saged saambalan mlampah ing ubenganipun, wangsul wonten ing titik kawitanipun, inggih ratih tanggal pratama! Manawi saged mirsani (ru'yat) Ratih tanggal pratama, punika arahipun ing Cakrawala sisih Kilen, sabakdanipun Baskara (Surya) angslup serap ing wanci Maghrib, kirang langkung sawatawis menit Ardacandra, utawi Ratih tanggal pratama ngatingal sawatawis menit, ugi lajeng nututi Baskara serap ing sangandhaping tancebing Langit. Salajengipun dening Sarjana ahli hisab 'Urfi Hijrah (Arab), sajatosipun ubenganing Rembulan saubengan, umur sawulan punika wonten 29 dinten, 12 jam, 44 menit, 2,5 sekon, dados setahunipun wonten 354 dinten, 8 jam, 48,5 menit. Kawastanan Tahun Hijrah, punika napak tilas Hijrahipun Rasulullah s.a.w. saking Mekkah dhateng Madinah. Ingkang menggahing para Jumhur 'Ulama ahli hisab, tanggal 1 Muharram ing wekdal samanten cocok kalayan dinten Kemis tanggal 15 Juli tahun 622 Masihi. Dene miturut kateranganipun 'Ulama ahli hisab Mesir, Mahdud Pasya Al-Falagy bilih dinten Hijrah jengkaripun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. kadherekaken Sekabat kinasih Abu Bakar Ash Shiddiq r.a. punika tanggal 2 Rabi'ul awwal, utawi tanggal 20 September tahun 622 Masihi, makaten Kitab Nurul Yaqin. Ubenging falak Rembulan ngubengi Bumi boten bunder nanging ellips kalayan excentriciteit 0,0549. Titik falakipun ingkang caket ing Bumi kasebat perigeum, sarta ingkang tebih piyambak kasebat apegeum. Pramila tebihipun Rembulan lan Bumi boten ajeg tetep, ing perigeum tebihipun 363.000 Km, lan nalika wonten apegeum 405.000 Km lajeng dipun radin-radin 384,421 Km. Wulanipun Rembulan wonten 12 : 1. Muharram (Sura), 2. Shafar (Sapar), 3. Rabi'ul awwal (Mulud), 4. Rabi'ul akhir (Bakda Mulud), 5. Jumadil awwal, 6 Jumadil akhir, 7. Rajab (Rejeb), 8. Sya'ban (Ruwah), 9. Ramadhan (Pasa), 10. Syawwal, 11. Zulqa'idah (Sela), 12. Zulhijjah (Besar). Mi'sanana Kitab Falak dan Hisab (KRT. H. Muhammad Wardan).

837). Inggih baitanipun Nabi Nuh a.s. ingkang momot saben makhluk satunggal jodho, ingkang sasampunipun bena ageng sa Donya wau surut, inggih makhluk sajodho-sajodho wau lajeng nurunaken titahing Allah ingkang sapunika ngebaki Jagading Bumi.

43. Manawa ana kaparenging karsanIngsun, Ingsun kelem wong-wong mau, ing kono ora ana kang bisa nulungi lan ora padha dislametake. 838)

٤٣- وَإِنْ نَّشَأْ نُغْرِقْهُمْ فَلَا صَرِيخَ لَهُمْ وَلَا هُمْ يُنقَذُونَ ۝

Wa-in nasya' nughriqhum falaa shariikha lahum walaa hum yunqadzuun.

44. Kajaba kalawan rahmatIngsun, minangka dadi bebungah tumeka sawatara mangsa.

٤٤- إِلَّا رَحْمَةً مِّنَّا وَمَتَاعًا إِلَىٰ حِينٍ ۝

Illaa rahmatam minnaa wa mataa'an ilaa hiin.

45. Manawa didhawuhake marang wong-wong mau: "Sira padha wedia barang kang ana ing sangarepira lan saburinira siksa Donya, supaya sira padha oleh rahmat".

٤٥- وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ اتَّقُوا مَا بَيْنَ أَيْدِيكُمْ وَمَا خَلْفَكُمْ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ۝

Wa idzaa qiila lahumut taquu maa baina aidiikum wamaa khalfakum la'allakum turhamuun.

46. Lan saben-saben wong-wong mau katurunan sawijining ayat Purba Wasesaning Pangeran, ora ana maneh kajaba padha malengos.

٤٦- وَمَا تَأْتِيهِم مِّنْ آيَةٍ مِّنْ آيَاتِ رَبِّهِمْ إِلَّا كَانُوا عَنْهَا مُعْرِضِينَ ۝

Wamaa ta'tiihim min aayatim min aayaati rabbihim illaa kaanuu 'anhaa mu'ridhiin.

47. Lan manawa didhawuhake marang wong-wong iku: "Sira padha nanjakna rezeqi kang wus kaparingake dening Allah marang sira", wong-wong kang kafir ngucap marang wong Mu'min: "Apa perlune aku aweh pangan marang wong-wong kang yenta Allah ngersakake harak wus diparingi pangan dhewe! Ora liya sira iku, kajaba ana ing sasar kang nyata". 839)

٤٧- وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ أَنفِقُوا مِمَّا رَزَقَكُمُ اللَّهُ قَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِلَّذِينَ آمَنُوا أَنُطْعِمُ مَن لَّوْ يَشَاءُ اللَّهُ أَطْعَمَهُ إِنْ أَنتُمْ إِلَّا فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ۝

Wa idzaa qiila lahum anfiquu mimmaa razaqa kumullaahu qaalal ladziina kafaruu lilladziina aamanuu anuth'imu mal lau yasyaa-ullaahu ath'amahuu, in antum illaa fii dhalaalinm mubiin.

---

838). Ananging saking kaparenging Allah, Panjenenganipun ngersakaken para Manungsa makmuraken Donya, pramila dipun paringi baito, ingkang Nabi Nuh a.s. dados Kapten samudera ingkang wicaksana sarta wantun tanggel jawab, nyata bilih wilujenging manungsa medhak saking baito Nabi Nuh s.a. anjalari tedhak turuning manungsa ngrembaka ing 'alam Donya.

839). Dhasaripun mental kafir, dados sadaya ajakan sae saking ngarsa dalem Allah, malah ngiwi-iwi lan maiben, sarta tekebur! Kados kasebat ing ayat: 45 - 50.

48. Wong-wong mau padha ngucap: "Kapan kelakone pangancam dina Qiyamat lan tangi saka kubur, manawa sira iku padha bener?"

٤٨- وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ○

Wa yaquuluuna mataa haadzal wa'du in-kuntum shaadiqiin.

49. Wong-wong kafir ora padha ngenteni: kajaba petak jeritaning Malaikat sapisan bae ngenani marang wong-wong mau kang lagi padha padudon ing perkara Donya!

٤٩- مَا يَنظُرُونَ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً تَأْخُذُهُمْ وَهُمْ يَخِصِّمُونَ ○

Maa yanzhuruuna illaa shaihataw waahidatan ta'khudzuhum yakhishshimuun.

50. Dheweke wus ora bisa ninggal wasiyat maneh marang anak-anake, lan ora bisa bali marang ahline.

٥٠- فَلَا يَسْتَطِيعُونَ تَوْصِيَةً وَلَا إِلَىٰ أَهْلِهِمْ يَرْجِعُونَ ○

Falaa yastathii'uuna taushiyataw walaa ilaa ahlihim yarji'uun.

Swasanane wong kang padha Mu'min ing dina Qiyamat.

51. Lan disebul kang kapindho sangkakalane Malaikat Israfil, ingkono wong-wong kang padha mati ambrudhul metu saka kuburane, sowan marang ngarsa dalem Pangerane!

٥١- وَنُفِخَ فِي الصُّورِ فَإِذَا هُم مِّنَ الْأَجْدَاثِ إِلَىٰ رَبِّهِمْ يَنسِلُونَ ○

Wa nufikha fishshuuri fa-idzaa hum minal ajdaatsi ilaa rabbihim yalbisuun.

52. Pangucape wong-wong mau: "Sapa kang nangekake aku saka turu (kubur), adhuh cilaka awakku! Iki ayake kang wus dijanjekake dening Pangeran kang Maha Murah, lan padha temen para Andika Rasul iku!"

٥٢- قَالُوا يَا وَيْلَنَا مَن بَعَثَنَا مِن مَّرْقَدِنَا ۜ هَٰذَا مَا وَعَدَ الرَّحْمَٰنُ وَصَدَقَ الْمُرْسَلُونَ ○

Qaaluu yaa wailanaa mam ba'atsanaa mim marqadinaa; haadzaa maa wa'adar rahmaanu wa shadaqal mursaluun.

53. Wus cukup pametak jeritane Malaikat sepisan bae, ing kono wong kabeh dumadakan padha disowanake ana ngarsanIngsun.

٥٣- إِن كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً فَإِذَا هُمْ جَمِيعٌ لَّدَيْنَا مُحْضَرُونَ ○

In-kaanat illaa shaihataw waahidatan fa-idzaa hum jamii'ul ladainaa muhdharuun.

54. Ing dina iku ora ana wong kang dikaniaya sathithik bae, lan sira ora padha diwales, kajaba tumindak kang wus padha sira lakoni.

٥٤- فَالْيَوْمَ لَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْئًا وَلَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ○

Falyauma laa tuzhlamu nafsun syai-aw walaa tujzauna illaa maa kuntum ta'maluun.

55. Temen ing dina iku wong-wong ahli Suwarga padha katungkul seneng-seneng andrawina!

٥٥ - إِنَّ أَصْحَٰبَ ٱلْجَنَّةِ ٱلْيَوْمَ فِى شُغُلٍ فَٰكِهُونَ ۝

Inna ash-haabal jannatil yauma fii syughulin faakihuun.

56. Dheweke lan para bojone ana ing pangiyuban padha leleyangan ana ing kranthil (dhipan).

٥٦ - هُمْ وَأَزْوَٰجُهُمْ فِى ظِلَٰلٍ عَلَى ٱلْأَرَآئِكِ مُتَّكِـُٔونَ ۝

Hum wa azwaajuhum fii dhilaalin 'alal araa-iki muttaki-uun.

57. Ana ing kono padha diparingi woh-wohan, apa bae kang disuwun bisa kasembadan!

٥٧ - لَهُمْ فِيهَا فَٰكِهَةٌ وَلَهُم مَّا يَدَّعُونَ ۝

Lahum fiihaa faakihatuw walahum maa yadda'uun.

58. Para ahli Suwarga mau padha oleh pambagya kaslametan terang saka ngarsa dalem Pangeran kang Maha Asih.

٥٨ - سَلَٰمٌ قَوْلًا مِّن رَّبٍّ رَّحِيمٍ ۝

Salaamun, qaulam mir rabbir rahiim.

59. Lan didhawuhi marang wong kang padha duraka: "Ing dina iki sira kudu pilah saka wong kang padha Mu'min, he wong kang padha duraka!"

٥٩ - وَٱمْتَٰزُوا۟ ٱلْيَوْمَ أَيُّهَا ٱلْمُجْرِمُونَ ۝

Wamtaazul yauma ayyuhal mujrimuun.

Wong kang ora padha iman diwelehake dening Allah.

60. Apa Ingsun ora janjekake marang sira, he anak-turune Adam! supaya sira aja padha nyembah syetan, jalaran sanyata syetan iku tetela dadi mungsuhira!

٦٠ - أَلَمْ أَعْهَدْ إِلَيْكُمْ يَٰبَنِىٓ ءَادَمَ أَن لَّا تَعْبُدُوا۟ ٱلشَّيْطَٰنَ ۖ إِنَّهُۥ لَكُمْ عَدُوٌّ مُّبِينٌ ۝

Alam a'had ilaikum yaa banii aadama allaa ta'budusy syaithaan, innahuu lakum 'aduwwum mubiin.

61. Lan supaya sira padha nyembah marang PanjenenganIngsun, hiya mangkene iki dalan kang jejeg!

٦١ - وَأَنِ ٱعْبُدُونِى ۖ هَٰذَا صِرَٰطٌ مُّسْتَقِيمٌ ۝

Wa ani'buduunii, haadzaa shiraathum mustaqiim.

62. Lan satemene syetan wus nyasarake sabagean akeh kancanira para manungsa, lan apa sira ora padha ngangen-angen?

٦٢ - وَلَقَدْ أَضَلَّ مِنكُمْ جِبِلًّا كَثِيرًا ۖ أَفَلَمْ تَكُونُوا۟ تَعْقِلُونَ ۝

Walaqad adhalla minkum jibillan katsiiraa, afalam takuunuu ta'qiluun..

63. Yaiku neraka Jahannam kang wus diancamake marang sira kabeh.

٦٣- هٰذِهٖ جَهَنَّمُ الَّتِيْ كُنْتُمْ تُوْعَدُوْنَ ۝

Haadzihii jahannamul latii kuntum tuu-'aduun.

64. Dina iki, sira banjur padha lumebua ing Neraka kono, sabab sira biyen padha kafir.

٦٤- اِصْلَوْهَا الْيَوْمَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُوْنَ ۝

Ishlauhal yauma bimaa kuntum tak-furuun.

65. Dina iki Ingsun mbungkem cangkeme wong-wong mau Ingsun dadekake reca anjejer ana ing panggonane, dheweke nuli ora bisa ambacutake laku, lan uga ora bisa bali.

٦٥- اَلْيَوْمَ نَخْتِمُ عَلٰٓى اَفْوَاهِهِمْ وَتُكَلِّمُنَآ اَيْدِيْهِمْ وَتَشْهَدُ اَرْجُلُهُمْ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ۝

Alyauma nakhtimu 'alaa afwaahihim wa tukallimunaa aidiihim wa tasyhadu ar-juluhum bimaa kaanuu yaksibuun.

66. Samungguha ana kaparenging karsan-Ingsun, temen Ingsun wutakake mripate wong-wong mau, banjur padha rebut dhu-cung anggone lumaku ana ing dalan! Lah, saka ngendi wong-wong mau bisa padha weruh!

٦٦- وَلَوْ نَشَآءُ لَطَمَسْنَا عَلٰٓى اَعْيُنِهِمْ فَاسْتَبَقُوا الصِّرَاطَ فَاَنّٰى يُبْصِرُوْنَ ۝

Walau nasyaa-u lathamasnaa 'alaa a'yu-nihim fastabaqush shiraatha fa-annaa yubshiruun.

67. Lan maneh upama ana kaparenging karsanIngsun, temen wong-wong mau Ingsun dadekake reca anjejer ana ing panggonane, dheweke nuli ora bisa ambacutake laku, lan uga ora bisa bali.

٦٧- وَلَوْ نَشَآءُ لَمَسَخْنٰهُمْ عَلٰى مَكَانَتِهِمْ فَمَا اسْتَطَاعُوْا مُضِيًّا وَّلَا يَرْجِعُوْنَ ۝

Walau nasyaa-u lamasakhnaahum 'alaa makaanatihim famas tathaa'uu mudhiy-yaw walaa yarji'uun.

68. Sapa kang Ingsun dawakake umure, Ingsun walik kadadeane saka maune, 840) apa ora padha mikir-mikir?

٦٨- وَمَنْ نُّعَمِّرْهُ نُنَكِّسْهُ فِى الْخَلْقِ ۗ اَفَلَا يَعْقِلُوْنَ ۝

Waman nu'ammirhu nunakkis-hu fil khalqi, afalaa ya'qiluun.

Muhammad s.a.w. iku dudu wong ahli sya'ir.

69. Lan Ingsun ora mulang sya'ir marang Muhammad, lan ora prayoga dheweke dadi ahli sya'ir; satemene Quraan iku kanggo pepeling lan wacan kang nyata.

٦٩- وَمَا عَلَّمْنٰهُ الشِّعْرَ وَمَا يَنْۢبَغِيْ لَهٗ ۗ اِنْ هُوَ اِلَّا ذِكْرٌ وَّقُرْاٰنٌ مُّبِيْنٌ ۝

840). Tiyang ingkang dungkap yuswa sepuh punika saged wangsul kados lare alit, watak lan kawan-tunanipun. Punapa kita boten menggalih kados punapa Kuwaosipun Allah bangsulaken kondisi lan situasi makaten wau?!

Wamaa 'allamnaahusy syi'ra wamaa yambaghii lahuu, in huwa illaa dzikruw wa qur-aanum mubiin.

70. Dheweke Muhammad supaya aweh pepeling marang wong kang urip atine, lan supaya tetep kapatrapake siksaning Allah marang wong-wong kafir.

٧٠- لِّيُنذِرَ مَن كَانَ حَيًّا وَيَحِقَّ الْقَوْلُ عَلَى الْكَافِرِينَ ○

Liyundzira man kaana hayyaw wa yahiqqal qaulu 'alal kaafiriin.

Purba wasesaning Allah nangekake manungsa ing dina Qiyamat.

71. Apa wong-wong mau ora sumurup, yen satemene Ingsun wus nitahake kanggo dheweke kewan rajakaya saka dayaning kakuwatanIngsun, banjur padha andarbeni rajakaya mau.

٧١- أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّا خَلَقْنَا لَهُم مِّمَّا عَمِلَتْ أَيْدِينَا أَنْعَامًا فَهُمْ لَهَا مَالِكُونَ ○

Awalam yarau annaa khalaqnaa lahum mimmaa 'amilat aidiinaa an'aaman fahum lahaa maalikuun.

72. Lan Ingsun wus tundhukake kewan-kewan mau saweneh ana kang dadi tetunggangan lan sawenehe maneh padha dipangan!

٧٢- وَذَلَّلْنَاهَا لَهُمْ فَمِنْهَا رَكُوبُهُمْ وَمِنْهَا يَأْكُلُونَ ○

Wa dzallalnaahaa lahum faminhaa rakuubuhum wa minhaa ya'kuluun.

73. Isih akeh manfa'ate kewan-kewan mau kanggo dheweke, lan oleh pangomben saka pohane, geneya dheweke ora gelem padha syukur?

٧٣- وَلَهُمْ فِيهَا مَنَافِعُ وَمَشَارِبُ أَفَلَا يَشْكُرُونَ ○

Wa lahum fiihaa manaafi'u wa masyaaribu afalaa yasykuruun.

74. Dheweke padha ngalap sesembahan saliyane Allah, kareben padha ditulungi.

٧٤- وَاتَّخَذُوا مِن دُونِ اللَّهِ آلِهَةً لَّعَلَّهُمْ يُنصَرُونَ ○

Wattakhadzuu min duunillaahi aalihatal la'allahum yunsharuun.

75. Sesembahan iku ora bisa nulungi marang dheweke, kapara dheweke padha ngrubung brahalane iku, malah dheweke prasasat dadi wadyabala kang anjaga brahala!

٧٥- لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَهُمْ وَهُمْ لَهُمْ جُندٌ مُّحْضَرُونَ ○

Laa yastathii'uuna nashrahum wahum lahum jundum muh-dharuun.

76. Muhammad, sira aja susah ngrasakake guneme wong-wong mau, sanyata Ingsun Ngawuningani barang kang padha diumpetake, lan barang kang padha diedhengake!

٧٦- فَلَا يَحْزُنكَ قَوْلُهُمْ إِنَّا نَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعْلِنُونَ ○

Falaa yahzunka qauluhum innaa na'lamu maa yusirruuna wamaa yu'linuun.

77. Apa manungsa iku ora sumurup, yen satemene Ingsun nitahake dheweke saka nutfah (kama), dumadakan dheweke dadi mungsuh kang dhemen madoni!

٧٧- أَوَلَمْ يَرَ الْإِنْسَانُ أَنَّا خَلَقْنَاهُ مِنْ نُطْفَةٍ فَإِذَا هُوَ خَصِيمٌ مُبِينٌ ۝

Awalam yaral insaanu annaa khalaq-naahu min nuthfatin fa-idzaa huwa khashiimum mubiin.

78. Dheweke anggawe upama marang PanjenenganIngsun lan lali kedadeane awake dhewe, pangucape: "Sapa kang bisa nguripake balung kang wus rusak ajur-mumur?"

٧٨- وَضَرَبَ لَنَا مَثَلًا وَنَسِيَ خَلْقَهُ قَالَ مَنْ يُحْيِي الْعِظَامَ وَهِيَ رَمِيمٌ ۝

Wa dharaba lanaa matsalaw wanasiya khalqah, qaala may yuhyil 'izhaama wahiya ramiim.

79. Dhawuha sira Muhammad: "Allah kang bakal nguripake balung mau, Pangeran kang andamel sangkan paraning dumadi, lan PanjenengaNe kang Maha Ngawuningani marang samudayaning titah".

٧٩- قُلْ يُحْيِيهَا الَّذِي أَنْشَأَهَا أَوَّلَ مَرَّةٍ وَهُوَ بِكُلِّ خَلْقٍ عَلِيمٌ ۝

Qul yuhyiihal ladzii ansya-ahaa awwala marrah, wahuwa bikulli khalqin 'aliim.

80. Allah kang wus andamel geni saka wit kang ijo (teles), hiya ing kono iku sira bisa ngurubake.

٨٠- الَّذِي جَعَلَ لَكُمْ مِنَ الشَّجَرِ الْأَخْضَرِ نَارًا فَإِذَا أَنْتُمْ مِنْهُ تُوقِدُونَ ۝

Alladzii ja'ala lakum minasy syajaril akh-dhari naaran fa-idzaa antum minhu tuuqiduun.

81. Apa hiya Allah kang wus nitahake Langit lan Bumi, ora bisa andamel pepadhane wong iku? Mesthi bisa, PanjenengaNe Maha Purbawisesa! PanjenengaNe iku kang Nitahake lan Maha Nupiksa.

٨١- أَوَلَيْسَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ بِقَادِرٍ عَلَى أَنْ يَخْلُقَ مِثْلَهُمْ بَلَى وَهُوَ الْخَلَّاقُ الْعَلِيمُ ۝

Awalaisal ladzii khalaqas samaawaati wal ardha biqaadirin 'alaa ay-yakhluqa mitslahum, balaa wahuwal khallaaqul 'aliim.

82. Sanyata manawa PanjenengaNe karsa anitahake sawiji-wiji, cukup mung ngandika: "Anaa, sira!", sakala iku banjur ana!

٨٢- إِنَّمَا أَمْرُهُ إِذَا أَرَادَ شَيْئًا أَنْ يَقُولَ لَهُ كُنْ فَيَكُونُ ۝

Innamaa amruhuu idzaa araada syai-an ay-yaquulu lahuu kun fayakuun.

83. Maha Suci Allah, Pangeran kang ngasta Karatoning samudayaning prakara! lan marang ngarsa dalem PanjenengaNe, sira kabeh bakal padha disowanake".

***)

٨٣- فَسُبْحٰنَ الَّذِيْ بِيَدِهٖ مَلَكُوْتُ كُلِّ شَيْءٍ وَّاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ۝

Fasubhaanal ladzii biyadihii malakuutu kulli syai-iw wa ilaihi turja'uun.

***). Wonten sawatawis katerangan interkorelasi (sesambetan katerangan ingkang wonten manunggiling ancas lan dhasaring fakta sejarahipun) antawisipun surat Yaa Siin kalayan surat Ash Shaffaat, kirang langkung makaten: 1. Ing akhiripun surat Yaa Siin kasebataken ummat-ummat jaman kina kasiksa dening Pangeran sabab dene anggenipun kafir, dene wonten ing surat Ash Shaffaat dipun jlentrehaken sejarahipun ummat Nabi Nuh a.s., ummat Nabi Ibrahim a.s., sarta ummat Nabi 'Isa a.s. sapiturutipun.

2. Wonten ing surat Yaa Siin kasebataken kados pundi Kakuwasaning Allah anggesangaken malih, sarta nangekaken saking kubur sadaya manungsa, benjing ing dinten Qiyamat, punika prakawis gampil menggahing Allah SWT. kados dene gampilipun anggenipun Pangeran anitahaken ing sakawit tumitahing Adam a.s. lan dumadosipun sadaya manungsa. Dene wonten ing surat Ash Shaffaat dipun terangaken sarana gamblang malih, supados tambah yakin!

3. Sawenehing Ulama' Ahli Tafsir anerangaken, bilih sakbadanipun surat Yaa Siin tumurun saking ngarsa dalem Allah, kaampil Malaikat Jibril a.s., sarta Kanjeng Nabi s.a.w. rampung ngapalaken sampurna saking Yaa Siin dumugi ayat no. 9; boten antawis dangu dhateng Dhawuhing Allah supados Nabi s.a.w. hijrah (pindhah) dhateng Madinah. Wekdal samanten dalu katingal sepen, Rasulullah s.a.w. dhawuh dhateng Sekabat 'Ali r.a. supados tilem ing patilemanipun, sarta weling manawi Sekabat Abu Bakar Ash Shiddiq r.a. dhateng, supados enggal nyusul dhateng gua ing Jabal Tsaur. Sarana alon-alon Rasulullah s.a.w. medal saking ndalemipun, kalayan maos surat Yaa Siin ingkang nembe kemawon tumurun, sarta mendhet wedhi kasawuraken dhateng titiyang kafir lan musyrik Mekkah ingkang badhe anggrebeg sarta mejahi, titiyang wau katingal tilem ngorok, boten sumerap Rasulullah s.a.w. sampun lolos medal! Ulama' Ahli Tafsir wau anerangaken bilih Kanjeng Nabi s.a.w. maos ayat wau boten kagungan niyat nyirep mengsah sarana ayat-ayat Surat Yaa Siin, punika boten. Sampun dados kabiasan marambah-rambah, bilih ayat-ayat ingkang nembe kemawon tumurun punika, ingkang lajeng kemawon sering dipun wongsal-wangsuli anggenipun maos! Pramila manawi wonten panganggep bilih nyirep pandung utawi mengsah ngangge ayat-ayat surat Yaa Siin punika piwucal Islam, punika boten leres. Utawi gadhah anggep maos surat Yusuf, punika saged kadhawahan asih saking satunggaling tiyang estri ingkang saweg dipun ngen-ngen, sabab dening gandrung kapirangu! Utawi maos ayat tartamtu lajeng badhe gangsar daganganipun, lan maos ayat Mulk (Karajan) badhe angsal pangkat utawi kalenggahan inggil lan sanes-sanesipun, punika sadaya sanes piwucal Islam!

AS SHAFFAAT (KANG PADHA LELARIKAN)

Surat kaping 37 : 182 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al An'am.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

'Alam dirgantaraning Baskara kareksa ing astaning Allah piyambak.

١ - وَالصّٰٓفّٰتِ صَفًّا ○

Washshaaffaati shaffaa.

1. Demi bergada Malaikat (jiwa-jiwa) kang padha lelarikan kalayan sabenere lelarikan!

٢ - فَالزّٰجِرٰتِ زَجْرًا ○

Fazzaajiraati zajraa.

2. Demi bergada jiwa-jiwa kang padha nyegah temenan marang laku maksiyat!

٣ - فَالتّٰلِيٰتِ ذِكْرًا ○

Fattaaliyaati dzikraa.

3. Demi bergada jiwa-jiwa kang padha maca piwulang-becik!

٤ - اِنَّ اِلٰهَكُمْ لَوَاحِدٌ ○

Inna ilaahakum lawaahid.

4. Sanyata Pangeranira iku kang Sawiji, Maha Eka. 841)

841). **Risalah (mission) Tauhid ingkang kaampil Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. punika risalah fundamental ingkang dados dhasaring kamanungsan, panggesangan, lan kemajengan modern. Jalaran punapa, sabab piwucal tauhid nuwuhaken kamerdikaning jiwa manungsa. Mardika saking raos ajrih dhumateng ingkang boten perlu lan boten pantes dipun ajrihi. Boten kablenggu ing gugon tuhon kamusyrikan, sarta mardika saking manembah semat lan pangkat. Makaten ugi piwucal Tauhid saking tus tuntunaning Rasulullah s.a.w. mardikaken manungsa saking an-Dewaaken lan amemuji dhedhepe dhateng sasami-sami makhluq, sadaya solahbawa ingkang medal saking Tauhid ing Allah saestu satunggaling palanggaran lan ngesoraken martabat sarta harakating Manungsa. Mirsanana ayat: 22 - 24 surat Al Hasr, lan ayat: 110 surat Al Kahfi. Salajengipun kamardikaning jiwa adhedhasar Tauhid wau nukulaken Sapta margining kabegjan inggih punika mangertosi lan ngamalaken: 1. Kaidah lan wewaton ingkang nyepeketaken pasedherekaning ummat manungsa tumrap hukum angger-angger. 2. Katamtuan-katamtuan ingkang magepokan kamardikaning pribadi. 3. Pangayomaning hak milik (hak Adam). 4. Jejering manungsa ing masyarakat. 5. Pranataning musyawarah ingkang dados saka-guruning mernata Negara lan Masyarakat. 6. Kamardikaning nindakaken Agami. 7. Hak-hak asasi lan kuwajiban-kuwajiban asasi manungsa minangka dados wujuding makhluq sosial. Dene manawi badhe anyumerepi Sapta margining kabegjan kasebat ing salebeting Al Quraan, punika perlu studi ingkang telatos lan sering diskusi, makaten atur pamrayogi kula!**

٥ - رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا وَرَبُّ الْمَشَارِقِ ۝

5. Pangeraning Langit lan Bumi, lan kang ana ing antarane sakarone, lan hiya Pangeran kang Mangerani meletheke Kalacakra (Srengenge).

Rabbus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa wa rabbul masyaariq.

٦- اِنَّا زَيَّنَّا السَّمَآءَ الدُّنْيَا بِزِيْنَةِ الْكَوَاكِبِ ۝

6. Sanyata Ingsun wus angrengga Langit kang luwih cedhak sarana Lintang-Lintang.

Innaa zayyannas samaa-ad dunyaa bizii-nati(n)il kawaakib.

٧- وَحِفْظًا مِّنْ كُلِّ شَيْطٰنٍ مَّارِدٍ ۝

7. Kajaba minangka rerenggan, uga minangka anjaga saben-saben syetan kang ambalela! 842)

Wa Hifdham min kulli syaithaanim maarid.

٨- لَا يَسَّمَّعُوْنَ اِلَى الْمَلَاِ الْاَعْلٰى وَيُقْذَفُوْنَ مِنْ كُلِّ جَانِبٍ ۝

8. Supaya syetan-syetan iku ora bisa ngrungok-ngrungokake wawansabda para Malaikat, lan syetan-syetan mau dibalangi saka sadhengah arah!

Laa yassamma'uuna ilal mala-il a'laa wa yuqdzafuuna min kulli jaanib.

٩- دُحُوْرًا وَّلَهُمْ عَذَابٌ وَّاصِبٌ ۝

9. Kareben syetan-syetan ditundhung adoh, lan bakal kapatrapan siksa kang langgeng!

Duhuuraw walahum 'adzaabuw waashib.

١٠- اِلَّا مَنْ خَطِفَ الْخَطْفَةَ فَاَتْبَعَهٗ شِهَابٌ ثَاقِبٌ ۝

10. Kajaba syetan sawatara kang bisa oleh rungu kalawan nglimpe, banjur dioyak dening colok geni kang murup ngobong awake!

Illaa man khathifal khathfata fa-atba-'ahuu syihaabun tsaaqib.

842). Suraosing ayat: 7 - 10 salah satunggaling hikmah Langit karengga ing pinten-pinten Lintang utawi Planit, saperlu anjagi wawansabdaning para Malaikat ingkang sarwa top-secret utawi ingkang winados derajat inggil piyambak wau boten kalebetan duratmaka inggih punika syetan. Sadaya upaya ingkang preservative, ingkang asipat anjagi, ngayomi lan ngendhani saking kajuliganipun syetan, kadosta wonten sawatawis syetan ingkang saged nguping sarana limpe, inggih punika syetan ingkang duraka, mireng pekabaran dereng jangkep wau lajeng dipun sukakaken ahli tenung utawi prewangan kasurupan barang colongan saking syetan ingkang duraka. Ahli tenung lajeng manjang-manjangaken pakabaran dereng jangkep wau, dipun akenaken jangkep, ngertos ghaib (mangerti sadurunge winarah). Elokipun dhukun utawi "wong tuwa ngerti" wau kok inggih wonten ingkang pitados, lan dadosipun misuwur damel angen-agen tunggal ing pundi-pundi, malah kadhangkala tiyang elite tartamtu sami utusan nyuwun berkahipun "ilmu kanuragan" utawi "ilmu tenaga nglebet" kangge ngekahaken kasugihan utawi kalenggahanipun ing masyarakat. Dhuh para maos, kadang kula ingkang kula tresnani, manawi kita Bangsa Indonesia nembe nedheng-nedhengipun ambangun karya, amrih karaharjan sarta tata tentrem ing jaman modern, kenging punapa kita taksih kapilut lan kablenggu gugon-tuhon ingkang cetha boten rasional sarta dhawah lampah musyrik ingkang ngrisak kasucian lan kamurnianipun Agami, tur dosanipun ageng, boten saged dipun apunten dening Allah ingkang Maha Wikan!?

Gusti Allah ngrubuhake dalil-dalile wong musyrik.

11. Muhammad, sira takona marang wong kafir, dumadining awake iku apa luwih angel mungguhing Allah, tinimbang anggon-Ingsun nitahake saka lempung kang pliket. 843)

١١- فَاسْتَفْتِهِمْ أَهُمْ أَشَدُّ خَلْقًا أَمْ مَّنْ خَلَقْنَا ۚ إِنَّا خَلَقْنَاهُم مِّن طِينٍ لَّازِبٍ ۝

Fastaftihim ahum asyaddu khalqan am man khalaqnaa, innaa khalaqnaahum min thiinil laazib.

12. Malah sira dadi gumun! marang kaingkarane, lan ing mangka dheweke iku ngina ing sira,

١٢- بَلْ عَجِبْتَ وَيَسْخَرُونَ ۝

Bal 'ajibuu wa yaskharuun.

13. Lan manawa padha dielingake, ora padha gelem nampa pitutur,

١٣- وَإِذَا ذُكِّرُوا لَا يَذْكُرُونَ ۝

Wa idzaa dzukkiruu laa yadzkuruun.

14. Lan manawa padha weruh tandha KaagungaNe Allah, dheweke malah padha ngina anggeguyu.

١٤- وَإِذَا رَأَوْا آيَةً يَسْتَسْخِرُونَ ۝

Wa idzaa ra-au aayatay yastaskhiruun.

15. Lan dheweke padha ngucap: "Satemene iku, genah mung sihir kang nyata".

١٥- وَقَالُوا إِنْ هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ مُّبِينٌ ۝

Wa qaaluu in haadzaa illaa sihrum mubiin.

16. Apa hiya manawa kita wus mati, wus dadi lemah, lan dadi balung, bakal ditangekake saka kubur?,

١٦- أَإِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَعِظَامًا أَإِنَّا لَمَبْعُوثُونَ ۝

A-idzaa mitnaa wa kunnaa turaabaw wa 'izhaaman a-innaa lamab'uutsuun.

17. Apa Bapa-Bapa kita kang wus kapungkur uga bakal ditangekake?

١٧- أَوَآبَاؤُنَا الْأَوَّلُونَ ۝

Awa-aabaaunal awwaluun.

18. Dhawuha sira Muhammad: "Hiya, lan sira padha asor".

١٨- قُلْ نَعَمْ وَأَنتُمْ دَاخِرُونَ ۝

Qul na'am wa antum daakhiruun.

---

843). Sampun cetha (logis) manawi Allah SWT anitahaken manungsa saking lempung ingkang pliket utawi saking kama utawi sperma, punika langkung gampil tinimbang tumitahipun Langit, Surya, Rembulan, Malaikat lan sadaya titah ing ngarsapada!

19. Satemene prakara iku cukup mung kapetak jeritaning Malaikat sepisan bae, dumadakan dheweke padha pating pentheleng weruh tumindake dhewe!

١٩- فَإِنَّمَا هِيَ زَجْرَةٌ وَاحِدَةٌ فَإِذَا هُمْ يَنظُرُونَ ۝

Fa-innamaa hiya zajratuw waahidatun fa-idzaa hum yandhuruun.

Kahanane wong-wong musyrik ing Akherat.

20. Lan padha ngucap wong-wong musyrik: "Adhuh! cilaka timen aku, lah iki dina piwales".

٢٠- وَقَالُوا يَا وَيْلَنَا هَٰذَا يَوْمُ الدِّينِ ۝

Wa qaaluu yaawailanaa haadzaa yaumud diin.

21. Dhawuhing Allah: "Iki dina pancasaning prakara kang wus padha sira paido".

٢١- هَٰذَا يَوْمُ الْفَصْلِ الَّذِي كُنتُم بِهِ تُكَذِّبُونَ ۝

Haadzaa yaumul fashlil ladzii kuntum bihii tukadzdzibuun.

22. Dhawuhing Allah marang Malaikat: "Sira padha nglumpukna wong-wong kang padha nganiaya, dalah para bojone, lan brahala kang padha disembah.

٢٢- احْشُرُوا الَّذِينَ ظَلَمُوا وَأَزْوَاجَهُمْ وَمَا كَانُوا يَعْبُدُونَ ۝

Uhsyurul ladziina zhalamuu wa azwaajahum wamaa kaanuu ya'buduun.

23. Yaiku sesembahan saliyane Allah, nuli tuduhna wong-wong iku marang dalaning Neraka Jahim.

٢٣- مِن دُونِ اللَّهِ فَاهْدُوهُمْ إِلَىٰ صِرَاطِ الْجَحِيمِ ۝

Min duunillaahi fahduuhum ilaa shiraatil jahiim.

24. Lan dhawuhna supaya mandhek dhisik, jalaran satemene dheweke bakal didangu.

٢٤- وَقِفُوهُمْ إِنَّهُم مَّسْئُولُونَ ۝

Waqifuuhum innahum mas-uuluun.

25. PandanguNe: "Apa mungguh sababe sira sakanca ora padha lung-tinulung?" 844)

٢٥- مَا لَكُمْ لَا تَنَاصَرُونَ ۝

Maa lakum laa tanaasharuun.

26. Ing dina iku wong-wong mau mung padha sumarah bae.

٢٦- بَلْ هُمُ الْيَوْمَ مُسْتَسْلِمُونَ ۝

Bal humul yauma mustaslimuun.

844). **Kenging punapa ing Akherat titiyang kafir boten saged lung-tinulung, ing mangka wonten Donya rumiyin gayeng sanget anggenipun lung-tinulung ngrubeda lan ngalang-alangi sumiyaripun Da'wah Islam.**

27. Saweneh kalawan sawenehe padha maju, perlu padha pepadon.

٢٧- وَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَسَآءَلُونَ ٥

Wa aqbala ba'dhuhum 'alaa ba'dhiy yatasaa-aluun.

28. Wong iku ngucap: "Sira wus nekani marang aku perlu nyasarake saka arah tengen".

٢٨- قَالُوٓا إِنَّكُمْ كُنتُمْ تَأْتُونَنَا عَنِ ٱلْيَمِينِ ٥

Qaaluu innakum kuntum ta'tuunanaa 'anil yamiin.

29. Wangsulane: "Balik sira dhewe padha ora percaya".

٢٩- قَالُوا۟ بَل لَّمْ تَكُونُوا۟ مُؤْمِنِينَ ۝

Qaaluu bal lam takuunuu mu'miniin.

30. Lan aku ora babar pisan kuwasa tumrap sira, malah sira dhewe iku kaum kang duraka, ngliwati wates!

٣٠- وَمَا كَانَ لَنَا عَلَيْكُم مِّن سُلْطَٰنٍ ۖ بَلْ كُنتُمْ قَوْمًا طَٰغِينَ ٥

Wamaa kaana lanaa 'alaikum min sulthaanin bal kuntum qauman thaaghiin.

31. Dadi wus bener pangandikaNe Allah Pangeranku, siksa tetep marang aku kabeh, lan aku kabeh mesthi ngrasakake siksa mau.

٣١- فَحَقَّ عَلَيْنَا قَوْلُ رَبِّنَآ ۖ إِنَّا لَذَآئِقُونَ ٥

Fahaqqa 'alainaa qaulu rabbinaa, innaa ladzaa-iquun.

32. An gonku nyasarake sira iku, supaya sira padha sasar kaya aku".

٣٢- فَأَغْوَيْنَٰكُمْ إِنَّا كُنَّا غَٰوِينَ ٥

Fa-aghwainaakum innaa kunnaa ghaawiin.

33. PangandikaNe Allah: "Temen ana ing dina iku wong-wong mau padha sekuthon nampani pasiksan".

٣٣- فَإِنَّهُمْ يَوْمَئِذٍ فِى ٱلْعَذَابِ مُشْتَرِكُونَ ٥

Fa-innahum yauma-idzin fil 'adzaabi musyrikuun.

34. Satemene kang mangkono iku Ingsun tindakake tumrap wong-wong kang duraka.

٣٤- إِنَّا كَذَٰلِكَ نَفْعَلُ بِٱلْمُجْرِمِينَ ٥

Innaa kadzaalika naf'alu bil mujrimiin.

35. Jalaran satemene manawa wong-wong mau didhawuhi ngucap Laa ilaaha illah laah, dheweke malah padha gumedhe.

٣٥- إِنَّهُمْ كَانُوٓا۟ إِذَا قِيلَ لَهُمْ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ يَسْتَكْبِرُونَ ٥

Innahum kaanuu idzaa qiila lahum laa ilaaha illallaahu yastakbiruun.

٣٦- وَيَقُولُونَ أَئِنَّا لَتَارِكُوٓا۟ ءَالِهَتِنَا لِشَاعِرٍ مَّجْنُونٍ ۝

Wa yaquuluuna a-innaa lataarikuu aalihatinaa lisyaa'irim majnuun.

36. Pangucape: "Apa hiya patut dak tinggal brahalaku, perlune manut unine tukang sya'ir kang edan?".845)

٣٧- بَلْ جَآءَ بِٱلْحَقِّ وَصَدَّقَ ٱلْمُرْسَلِينَ ۝

Bal jaa-a bilhaqqi wa shaddaqal mursaliin.

37. Nanging dheweke Muhammad iku tekane kalawan bener, lan ambenerake para Rasul sadurunge.

٣٨- إِنَّكُمْ لَذَآئِقُوا۟ ٱلْعَذَابِ ٱلْأَلِيمِ ۝

Innakum ladzaa-iqul 'adzaabil aliim.

38. Sanyata sira kabeh para wong kafir, yekti bakal ngicipi rasane siksa kang nglarani.

٣٩- وَمَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝

Wamaa tujzauna illaa maa kuntum ta'lamuun.

39. Lan sira kabeh ora diwales kajaba 'amal kang sira tindakake.

Kahanane wong kang padha Mu'min ana ing Suwarga.

٤٠- إِلَّا عِبَادَ ٱللَّهِ ٱلْمُخْلَصِينَ ۝

Illaa 'ibaadallaahil mukhlashiin.

40. Kajaba kawulaning Allah kang padha resik atine.

٤١- أُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمْ رِزْقٌ مَّعْلُومٌ ۝

Ulaa-ika lahum rizqum ma'luum.

41. Dheweke bakal padha anduweni rezeqi kang wus katamtokake.

٤٢- فَوَٰكِهُ ۖ وَهُم مُّكْرَمُونَ ۝

Fawaakihu wahum mukramuun.

42. Yaiku woh-wohan, lan dheweke iku kabeh wong kang padha dimulyakake.

٤٣- فِى جَنَّٰتِ ٱلنَّعِيمِ ۝

Fii jannaatin na'iim.

43. Ana ing Suwarga papaning kani'matan.

٤٤- عَلَىٰ سُرُرٍ مُّتَقَٰبِلِينَ ۝

'Alaa sururim mutaqaabiliin.

44. Padha lungguh ana ing kanthil rukma adhep-adhepan.

845). Ingkang dipun maksud Nabi Muhammad s.a.w.

45. Padha diladeni unjukan ing gelas kang isi sajeng saka sumberan kang mili.

٤٥- يُطَافُ عَلَيْهِمْ بِكَأْسٍ مِّن مَّعِينٍ ۝

Yuthaafu 'alaihim bika'sim mim ma'iin.

46. Kang putih rupane, enak rasane tumrape, wong kang ngombe.

٤٦- بَيْضَآءَ لَذَّةٍ لِّلشَّٰرِبِينَ ۝

Baidhaa-a ladzdzatil lisysyaaribiin.

47. Ing kana ora ana kang anjalari mendem, mula sawuse ngombe ora padha wuru.

٤٧- لَا فِيهَا غَوْلٌ وَلَا هُمْ عَنْهَا يُنزَفُونَ ۝

Laa fiihaa ghauluw walaa hum 'anhaa yunzafuun.

48. Lan padha nyandhing Hapsari kang blalak-blalak mripate, tur padha tansah ngresepake endah nengsemake!

٤٨- وَعِندَهُمْ قَٰصِرَٰتُ الطَّرْفِ عِينٌ ۝

Wa 'indahum qaashiraatuth tharfi 'iin.

49. Cahyane rupa maya-maya kaya endhoge Swari kang sinimpen becik.

٤٩- كَأَنَّهُنَّ بَيْضٌ مَّكْنُونٌ ۝

Ka-annahunna baidhum maknuun.

50. Nuli wong-wong ahli Suwarga mau padha takon tinakon saweneh marang liyane!

٥٠- فَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَسَآءَلُونَ ۝

Fa-aqbala ba'dhuhum 'alaa ba'dhiy yatasaa-aluun.

51. Ana saweneh kang ngucap: "Satemene aku biyen duwe sawijining kanca.

٥١- قَالَ قَآئِلٌ مِّنْهُمْ إِنِّي كَانَ لِي قَرِينٌ ۝

Qaala qaa-ilum minhum innii kaana lii qariin.

52. Dheweke nalika ana ing Donya wus tau kandha: "Apa hiya sira iku dadi golongane wong kang padha ambenerake dina Qiyamat?

٥٢- يَقُولُ أَئِنَّكَ لَمِنَ الْمُصَدِّقِينَ ۝

Yaquulu a-innaka laminal mushaddiqiin.

53. Apa yen kita wus mati, dadi balung lan lemah, kita bakal diwales?"

٥٣- ءَإِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَعِظَامًا ءَإِنَّا لَمَدِينُونَ ۝

A-idzaa mitnaa wa kunnaa turaabaw wa 'izhaaman a-innaa lamadiinuun.

54. Dheweke saweneh wong-wong mau ngucap: "Apa sira kepengin weruh kancaku mau?"

٥٤- قَالَ هَلْ أَنتُم مُّطَّلِعُونَ ۝

Qaala hal antum muththali'uun.

55. Wong mau banjur nonton, nuli sumurup yen kancane mau ana ing tengah-tengahing Neraka Jahim kang mulat-mulat.

٥٥ - فَاطَّلَعَ فَرَاٰهُ فِيْ سَوَآءِ الْجَحِيْمِ ٥

Faththala'a fara-aahu fii sawaa-il jahiim.

56. Dheweke ngucap: "Demi Allah, satemene meh bae sira iku anjalari rusake awakku.

٥٦ - قَالَ تَاللّٰهِ اِنْ كِدْتَّ لَتُرْدِيْنِ ٥

Qaala tallaahi in kidta laturdiin.

57. Samungguha ora ana kani'matan peparinging Pangeranku, mesthi aku dadi golongane wong kang diglandhang menyang Neraka Jahim.

٥٧ - وَلَوْلَا نِعْمَةُ رَبِّيْ لَكُنْتُ مِنَ الْمُحْضَرِيْنَ ٥

Walaulaa ni'matu rabbii lakuntu minal muh-dhariin.

58. Apa ora nyata, yen aku kabeh ora bakal padha mati maneh?

٥٨ - اَفَمَا نَحْنُ بِمَيِّتِيْنَ ٥

Afamaa nahnu bimayyitiin.

59. Liyane mung mati sapisan dhek ana ing Donya? Lan aku ahli Suwarga ora disiksa!

٥٩ - اِلَّا مَوْتَتَنَا الْاُوْلٰى وَمَا نَحْنُ بِمُعَذَّبِيْنَ ٥

Illaa mautatanal uulaa wamaa nahnu bimu'adzdzabiin.

60. Sanyata iki kabegjan kang agung!

٦٠ - اِنَّ هٰذَا لَهُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ٥

Inna haadzaa lahuwal fauzul 'azhiim.

61. Kanggo anggayuh kabegjan agung mangkene iki, mula wong kang bisa tumandang supaya padha tumandanga 'amal".

٦١ - لِمِثْلِ هٰذَا فَلْيَعْمَلِ الْعٰمِلُوْنَ ٥

Limitsli haadzaa falya'malil 'aamiluun.

62. Endi suguhan kang luwih becik, kabegjan kang agung iku apa kayu zaqqum tethukulan ing Neraka? 846)

٦٢ - اَذٰلِكَ خَيْرٌ نُّزُلًا اَمْ شَجَرَةُ الزَّقُّوْمِ ٥

Adzaalika khairun nuzulan am sajaratuz zaqquum.

Woh-wohan tethukulan zaqqum ing Neraka iku pangan kanggo wong ahli Neraka!

63. Sanyata Ingsun andadekake kayu zaqqum mau kanggo siksa tumrap wong-wong kang padha nganiaya.

٦٣ - اِنَّا جَعَلْنٰهَا فِتْنَةً لِّلظّٰلِمِيْنَ ٥

Inna ja'alnaahaa fitnatal lizhzhaalimiin.

---

846). Zaqqum punika uwit ingkang wujudipun awon sanget tur raosipun pahit saestu.

64. Kayu zaqqum mau, kayu kang thukul ana ing dhasare Neraka Jahim.

٦٤- إِنَّهَا شَجَرَةٌ تَخْرُجُ فِي أَصْلِ الْجَحِيمِ ٥

Innahaa syajaratun takhruju fii ashlil jahiim.

65. Uwohe gedhene saendhas syetan! 847)

٦٥- طَلْعُهَا كَأَنَّهُ رُءُوسُ الشَّيَاطِينِ ٥

Thal'uhaa ka-annahuu ru-uususy syayaathiin.

66. Sanyata wong-wong ahli Neraka iku bakal diweleg mangan kayu mau, nganti sakebake wetenge.

٦٦- فَإِنَّهُمْ لَآكِلُونَ مِنْهَا فَمَالِئُونَ مِنْهَا الْبُطُونَ ٥

Fa-innahum la-akiluuna minhaa famaali-uuna minhal buthuun.

67. Jalaran mangan kayu mau, dheweke banjur digelontor ngombe nanah kang dicampur wedang panas!

٦٧- ثُمَّ إِنَّ لَهُمْ عَلَيْهَا لَشَوْبًا مِنْ حَمِيمٍ ٥

Tsumma inna lahum 'alaihaa lasyaubam min hamiim.

68. Banjur panggonane bali, menyang papan dunungé Neraka Jahim.

٦٨- ثُمَّ إِنَّ مَرْجِعَهُمْ لَإِلَى الْجَحِيمِ ٥

Tsumma inna marji'ahum la-ilal jahiim.

69. Jalaran satemene dheweke wus padha mangerti yen Bapak-bapakne padha sasar.

٦٩- إِنَّهُمْ أَلْفَوْا آبَاءَهُمْ ضَالِّينَ ٥

Innahum alfau aabaa-ahum dhaalliin.

70. Dheweke banjur padha gupuh mulad kalakuaning Bapakne.

٧٠- فَهُمْ عَلَى آثَارِهِمْ يُهْرَعُونَ ٥

Fahum 'alaa aatsaarihim yuhra'uun.

Pituwase ummat jaman kuna kang ambangkang ing kabeneran.

71. Lan sanyata akeh-akehe kang padha sasar iku wong jaman kuna sadurunge Quraisy iku.

٧١- وَلَقَدْ ضَلَّ قَبْلَهُمْ أَكْثَرُ الْأَوَّلِينَ ٥

Laqad dhalla qablahum aktsarul awwaliin.

847). Wonten ing Kitab Suci Al Quraan punapa ingkang dipun samekaken syetan maksudipun awonipun, ingkaripun, ambangkangipun lan tekeburipun, dados tembung "endhas syetan" maksudipun makaten wau, sabab kita dereng sumerap "endhas syetan"!

72. Lan temen Ingsun wus ngutus Utusan marang wong iku kabeh, supaya padha ngelingake.

٧٢ - وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا فِيهِمْ مُنْذِرِينَ ۝

Walaqad arsalnaa fiihim mundziriin.

73. Mula sira padha memikira, kapriye wusanane wong-wong kang padha dielingake?

٧٣ - فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُنْذَرِينَ ۝

Fanzhur kaifa kaana 'aaqibatul mundzariin.

74. Ananging para kawulaning Allah kang padha resik atine (ikhlas) iku kang ora bakal disiksa.

٧٤ - إِلَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ۝

Illaa 'ibaadallaahil mukhlashiin.

Gusti Allah marengake panyuwune Nabi Nuh a.s.

75. Lan temen Nuh wus nyenyuwun marang Ingsun Allah, dene sakbecik-becike kang nyembadani panyuwun, iku mung Allah.

٧٥ - وَلَقَدْ نَادَانَا نُوحٌ فَلَنِعْمَ الْمُجِيبُونَ ۝

Walaqad naadaanaa nuuhun falani'mal mujiibuun.

76. Lan Ingsun wus nylametake marang dheweke saahline, saka kasusahan kang gedhe!

٧٦ - وَنَجَّيْنَاهُ وَأَهْلَهُ مِنَ الْكَرْبِ الْعَظِيمِ ۝

Wa najjainaahu wa ahlahuu minal karbil 'azhiim.

77. Tedhak turune Nuh mau Ingsun tamtokake wong-wong kang kari ora katut disiksa.

٧٧ - وَجَعَلْنَا ذُرِّيَّتَهُ هُمُ الْبَاقِينَ ۝

Wa ja'alnaa dzurriyyatahuu humul baaqiin.

78. Lan Ingsun wus andamel lelakone Nuh iku minangka tepa palupi tumrap wong kang kawuri.

٧٨ - وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْآخِرِينَ ۝

Wa taraknaa 'alaihi fil aakhiriin.

79. Karahayon wus kaparingake marang Nuh ana ing Donya lan Akherat!

٧٩ - سَلَامٌ عَلَى نُوحٍ فِي الْعَالَمِينَ ۝

Salaamun 'alaa nuuhin fil 'aalamiin.

80. Satemene kang mangkono mau Ingsun wus paring ganjaran marang wong-wong kang padha becik tumindake.

٨٠ - إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ۝

Innaa kadzaalika najzil muhsiniin.

81. Sanyata Nuh iku golongane kawulanlngsun kang padha iman!

٨١ - إِنَّهُ مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِينَ ۝

Innahuu min 'ibaadinal mu'miniin.

82. Ingsun banjur ngeremake wong-wong liyane.

٨٢ - ثُمَّ أَغْرَقْنَا الْآخَرِينَ ۝

Tsumma aghraqnal aakhariin.

Nabi Ibrahim a.s. ngrubuhake brahala reca!

83. Lan satemene kalebu saweneh golonganane Nuh, iku Ibrahim.

٨٣ - وَإِنَّ مِنْ شِيعَتِهِ لَإِبْرَاهِيمَ ۝

Wa inna min syii'atihii la-ibraahiim.

84. Elinga, nalika Ibrahim sowan marang Pangerane kalawan ati ikhlas kang suci. 848)

٨٤ - إِذْ جَاءَ رَبَّهُ بِقَلْبٍ سَلِيمٍ ۝

Idz jaa-a rabbahuu biqalbin saliim.

85. Elinga, nalika Ibrahim matur marang Bapakne lan ngucap marang kaume: "Sampeyan sami nyembah punapa?".

٨٥ - إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِ مَاذَا تَعْبُدُونَ ۝

Idz qaala li-abiihi wa qaumihii maadzaa ta'buduun.

86. Punapa sampeyan gadhah kajeng nyembah sesembahan palsu, sanesipun Allah?

٨٦ - أَئِفْكًا آلِهَةً دُونَ اللَّهِ تُرِيدُونَ ۝

A-ifkan aalihatan duunallaahi turiiduun.

87. Kados pundi panginten sampeyan dhumateng Allah, Pangeraning 'Alam Sajagadrat?".

٨٧ - فَمَا ظَنُّكُمْ بِرَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Famaa zhannukum birabbil 'aalamiin.

88. Nabi Ibrahim banjur nyawang marang Lintang kalawan sapanyawang!,

٨٨ - فَنَظَرَ نَظْرَةً فِي النُّجُومِ ۝

Fanazhara nazhratan finnujuum.

89. Banjur matur marang Bapakne: "Kula punapa sakit", 849)

٨٩ - فَقَالَ إِنِّي سَقِيمٌ ۝

Faqaala innii saqiim.

90. Bapakne sakancane banjur padha malengos, ngedohi Ibrahim.

٩٠ - فَتَوَلَّوْا عَنْهُ مُدْبِرِينَ ۝

Fatawallau 'anhu mudbiriin.

---

848). Inggih punika ngurbanaken ingkang putra Nabi Isma'il a.s. ingkang katindakaken wonten ing Mina, 12 mil saking Mekkah Al-Mukarramah. Sarta Kanjeng Nabi Ibrahim punika ing perkawis iman ing Allah lan pokok-pokok Agami kalebet golonganipun Nabi Nuh a.s.

849). Ramanipun Nabi Ibrahim lan kaumipun dipun suwuni pamanggihipun bilih Allah ingkang nitahaken sadaya 'Alam sajagadrat, boten jawab, malah ngiwi-iwi. Lajeng Nabi Ibrahim andengangak mirsani Lintang-Lintang ing Langit, ing batos anggetuni Rama lan kaumipun, nanging unjukipun: "Kula punika sakit" sabab dening anggenipun ambalela kaumipun ing Allah. Mireng makaten punika kaumipun lajeng sami kesah, kados kaweca ayat : 90.

91. Tanpa pariwara Ibrahim nuli nyedhak marang brahala-brahala sesembahane Bapakne lan ngucap: "Apa jalarane sira ora mangan?".

٩١ - فَرَاغَ إِلَىٰٓ ءَالِهَتِهِمْ فَقَالَ أَلَا تَأْكُلُونَ ۝

Faraagha ilaa aalihatihim faqaala alaa ta'kuluun.

92. Yagene sira ora padha mangsuli apa-apa?

٩٢ - مَا لَكُمْ لَا تَنطِقُونَ ۝

Maa lakum laa tanthiquun.

93. Ibrahim banjur nyedhak maneh, lan banjur anggebug nganggo tangan tengen.

٩٣ - فَرَاغَ عَلَيْهِمْ ضَرْبًۢا بِٱلْيَمِينِ ۝

Faraagha 'alaihim dharbam bil yamiin.

94. Bapakne sakancane banjur gagrudugan kesusu anekani Ibrahim!

٩٤ - فَأَقْبَلُوٓا۟ إِلَيْهِ يَزِفُّونَ ۝

Fa-aqbaluu ilaihi yaziffuun.

95. Ibrahim pitakon: "Punapa sampeyan sami nyembah brahala anggen sampeyan sami natah piyambak?

٩٥ - قَالَ أَتَعْبُدُونَ مَا تَنْحِتُونَ ۝

Qaala ata'buduuna maa tanhituun

96. Ing mangka hamung Allah ingkang anitahaken sampeyan, tuwin ingkang sampeyan damel.

٩٦ - وَٱللَّهُ خَلَقَكُمْ وَمَا تَعْمَلُونَ ۝

Wallaahu khalaqakum wamaa ta'maluun.

97. Wong-wong mau padha ngucap: "Sira padha ngedegna jejenengan bangunan gedhe, Ibrahim banjur cemplungna ing kono terus obongen!".

٩٧ - قَالُوا۟ ٱبْنُوا۟ لَهُۥ بُنْيَانًا فَأَلْقُوهُ فِى ٱلْجَحِيمِ ۝

Qaalubnuu lahuu bun-yaanan fa-alquuhu fil jahiim.

98. Wong-wong mau karepe padha nandukake pangreka daya marang Ibrahim, ing wusana Ingsun tamtokake pangreka dayane cabar tur asor!

٩٨ - فَأَرَادُوا۟ بِهِۦ كَيْدًا فَجَعَلْنَٰهُمُ ٱلْأَسْفَلِينَ ۝

Fa-araaduu bihii kaidan faja'alnaahumul asfaliin.

99. Lan Ibrahim ngucap: "Saestunipun kula ngungsi dhumateng Pangeran kula! lan Pangeran kula badhe paring tuntunan ing kula!". 850)

٩٩ - وَقَالَ إِنِّى ذَاهِبٌ إِلَىٰ رَبِّى سَيَهْدِينِ ۝

Wa qaala innii dzaahibun ilaa rabbii sayahdiin.

850). **Nabi Ibrahim a.s. lajeng tindak dhateng satunggaling Negari ingkang wonten ngriku mardika nyembah ing Allah lan saged Da'wah sarana langkung wiyar tebanipun.**

Asal-usule 'Ibadah Qurban, Nabi Isma'il a.s. diqurbanake!

100. Lan Nabi Ibrahim ndedonga: "Dhuh Pangeran kula! mugi Paduka paring dhumateng kawula, turunan (anak) ingkang shaleh!".

١٠٠ - رَبِّ هَبْ لِي مِنَ الصَّٰلِحِينَ ٥

Rabbi hablii minash shaalihiin.

101. Ingsun nuli ambebungah marang Ibrahim kalawan Sun paringi anak lanang kang aris, yaiku Isma'il!

١٠١ - فَبَشَّرْنَٰهُ بِغُلَٰمٍ حَلِيمٍ ٥

Fabasysyarnaahu bighulaamin haliim.

102 Bareng Isma'il putrane, wus bisa rumagang ing gawe ngrewangi Bapakne, Bapakne tutur marang Isma'il: "He anakku! satemene aku wus ngimpi, ing sajerone turu nyembelih ing sira, sira mikira, kapriye mungguh panemunira?", putrane matur: "Dhuh Rama! sumangga Panjenengan tindakaken punapa ingkang sampun kadhawuhaken dening Allah, insya Allah, Panjenengan pirsa kula punika golonganipun tiyang sabar".

١٠٢ - فَلَمَّا بَلَغَ مَعَهُ ٱلسَّعْىَ قَالَ يَٰبُنَىَّ إِنِّىٓ أَرَىٰ فِى ٱلْمَنَامِ أَنِّىٓ أَذْبَحُكَ فَٱنظُرْ مَاذَا تَرَىٰ ۚ قَالَ يَٰٓأَبَتِ ٱفْعَلْ مَا تُؤْمَرُ ۖ سَتَجِدُنِىٓ إِن شَآءَ ٱللَّهُ مِنَ ٱلصَّٰبِرِينَ ٥

Falammaa balagha ma'ahus sa'ya qaala yaa bunayya innii araa fil manaami annii adzbahuka fanzhur maadzaa taraa, qaala yaa abatif'al maa tu'mar, satajidunii insyaa-allaahu minash shaabiriin.

103. Bareng sakarone wus padha sumarah marang Allah, lan anake wus digulingake arep disembelih,

١٠٣ - فَلَمَّآ أَسْلَمَا وَتَلَّهُۥ لِلْجَبِينِ ٥

Falammaa aslamaa wa tallahuu liljabiin.

104. Tumuli Ingsun (Allah) nimbali: "He Ibrahim!"

١٠٤ - وَنَٰدَيْنَٰهُ أَن يَٰٓإِبْرَٰهِيمُ ٥

Wa naadainaahu ay-yaa ibraahiim.

105. Temen sira wus angestokake Wahyu sajeroning impen! Kaya mangkono uga Ingsun angganjar wong-wong kang tumindak becik".

١٠٥ - قَدْ صَدَّقْتَ ٱلرُّءْيَآ ۚ إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ٥

Qad shaddaqtar ru'yaa, innaa kadzaalika najzil muhsiniin.

106. Satemene kang mangkene iki minangka coba kang nyata!

١٠٦ - إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلْبَلَٰٓؤُا۟ ٱلْمُبِينُ ٥

Innaa haadzaa lahuwal balaa-ul mubiin.

107. Ingsun nebus anake Ibrahim mau kalawan sembelihan wedhus gedhe! 851)

١٠٧- وَفَدَيْنَٰهُ بِذِبْحٍ عَظِيمٍ ۝

Wa fadainaahu bidzibhin 'azhiim.

108. Lan lelakone Ibrahim mau Ingsun dadekake tepa palupi tumrap wong-wong kang padha kari.

١٠٨- وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِى ٱلْءَاخِرِينَ ۝

Wa taraknaa 'alaihi fil aakhiriin.

109. "Dirgahayu kaparingake marang Ibrahim!".

١٠٩- سَلَٰمٌ عَلَىٰٓ إِبْرَٰهِيمَ ۝

Salaamun 'alaa ibraahiim.

110. Kaya mangkono uga, Ingsun paring ganjaran marang wong-wong kang becik tindake.

١١٠- كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ۝

Kadzaalika najzil muhsiniin.

111. Sanyata Ibrahim iku golongane kawulanIngsun kang iman.

١١١- إِنَّهُۥ مِنْ عِبَادِنَا ٱلْمُؤْمِنِينَ ۝

Innahuu min 'ibaadinal mu'miniin.

Kabar gembira lahire Ishaq a.s.

112. Lan Ingsun bungahake kalawan paring anak, jenenge Ishaq, jumeneng Nabi, tur golongane wong kang shaleh!

١١٢- وَبَشَّرْنَٰهُ بِإِسْحَٰقَ نَبِيًّا مِّنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ۝

Wa basysyarnaahu bi-is-haaqa nabiyyam minash shaalihiin.

113. Ingsun wus paring Berkah marang dheweke lan marang Ishaq, lan saweneh katurunane wong loro mau, ana kang becik tumindake lan ana kang terang-terang nganiaya marang awake dhewe!

١١٣- وَبَٰرَكْنَا عَلَيْهِ وَعَلَىٰٓ إِسْحَٰقَ ۚ وَمِن ذُرِّيَّتِهِمَا مُحْسِنٌ وَظَالِمٌ لِّنَفْسِهِۦ مُبِينٌ ۝

Wa baaraknaa 'alaihi wa 'alaa is-haaq, wamin dzurriyyatihimaa muhsinuw wa zhaalimul linafsihii mubiin.

Allah paring ni'mat marang Nabi Musa a.s.; Harun a.s.; Ilyas a.s.; Luth a.s. lan Yunus a.s.

114. Lan temen Ingsun wus paring Kanugrahan marang Musa lan Harun.

١١٤- وَلَقَدْ مَنَنَّا عَلَىٰ مُوسَىٰ وَهَٰرُونَ ۝

Walaqad manannaa 'alaa muusaa wa haaruun.

851). Sasampunipun pratela ta'at lan tertibipun Nabi Ibrahim a.s. dalah putranipun nindakaken saestu dhawuhing Allah 'ibadah Qurban, Allah lajeng nyegah ngurbanaken putra kinasih, dhasar baguing rupa, aris bebudenipun. Kakersaken dening Allah SWT dipun paringi lintu menda gibas branggah tur ageng. Inggih punika dipun syari'ataken 'ibadah Qurban wonten ing wekdal 'ibadah Hajji, dene ummat Islam ingkang boten tindak Hajji, sami Shalat 'Idul Adha lan ibadah Qurban ing panggenanipun piyambak-piyambak.

115. Sakarone apa dene kaume Ingsun slametake saka bebaya kang gedhe.

١١٥- وَنَجَّيْنٰهُمَا وَقَوْمَهُمَا مِنَ الْكَرْبِ الْعَظِيْمِ ۚ

Wa najjainaahumaa wa qaumahumaa minal karbil 'azhiim.

116. Lan dheweke Ingsun tulungi, mula banjur oleh kamenangan.

١١٦- وَنَصَرْنٰهُمْ فَكَانُوْا هُمُ الْغٰلِبِيْنَ ۚ

Wa nasharnaahum fakaanuu humul ghaalibiin.

117. Sakarone Ingsun paringi Kitab kang pratela.

١١٧- وَاٰتَيْنٰهُمَا الْكِتٰبَ الْمُسْتَبِيْنَ ۚ

Wa aatainaahumal kitaabal mustabiin.

118. Apadene padha Ingsun tuduhake marang dalan kang jejeg.

١١٨- وَهَدَيْنٰهُمَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيْمَ ۚ

Wa hadainaahumash shiraathal mustaqiim.

119. Lan sakarone mau padha Ingsun dadekake tepa tuladha becik tumrap wong wong kang padha kari.

١١٩- وَتَرَكْنَا عَلَيْهِمَا فِى الْاٰخِرِيْنَ ۖ

Wa taraknaa 'alaihimaa fil aakhiriin.

120. Dirgahayu kaparingake tumrap Musa lan Harun.

١٢٠- سَلٰمٌ عَلٰى مُوْسٰى وَهٰرُوْنَ ۚ

Salaamun 'alaa muusaa wa haaruun.

121. Mangkono uga Ingsun angganjar wong-wong kang padha tumindak becik.

١٢١- اِنَّا كَذٰلِكَ نَجْزِى الْمُحْسِنِيْنَ ۚ

Innaa kadzaalika najzil muhsiniin.

122. Temen sakarone mau golongan kawulanIngsun kang padha iman.

١٢٢- اِنَّهُمَا مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِيْنَ ۚ

Innahumaa min 'ibaadinal mu'miniin.

123. Satemene Ilyas iku kalebu golongane para Utusan.

١٢٣- وَاِنَّ اِلْيَاسَ لَمِنَ الْمُرْسَلِيْنَ ۗ

Wa inna ilyaasa laminal mursaliin.

124. Muhammad, sira nuturna, nalika Ilyas ngucap marang kaume: "Sira padha wedia marang Allah!".

١٢٤- اِذْ قَالَ لِقَوْمِهٖٓ اَلَا تَتَّقُوْنَ ۚ

Idz qaala liqaumihii alaa tattaquun.

125. Apa pantes sira nyembah brahala Ba'la [852] lan sira padha nyingkur Pangeran, becik-becike Dzat kang anitahake.

١٢٥- أَتَدْعُونَ بَعْلًا وَتَذَرُونَ أَحْسَنَ الْخَالِقِينَ ۙ

Atad'uuna ba'law watadzaruuna ahsanal khaaliqiin.

126. Yaiku Allah, Pangeranira lan Pangerane Bapak-bapakira leluwurira dhek biyen.

١٢٦- اللَّهَ رَبَّكُمْ وَرَبَّ آبَائِكُمُ الْأَوَّلِينَ ۝

Allaaha rabbakum wa rabba aabaaikumul awwaliin.

127. Wusana wong-wong mau malah padha maido marang dheweke, mesthi bae wong-wong mau bakal dipatrapake menyang siksa.

١٢٧- فَكَذَّبُوهُ فَإِنَّهُمْ لَمُحْضَرُونَ ۙ

Fakadzdzabuuhu fa-innahum lamuh-dharuun.

128. Kajaba para kawulane Allah kang padha tulus ikhlas atine.

١٢٨- إِلَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ۝

Illaa 'ibaadallaahil mukhlashiin.

129. Lelakone Ilyas mau, Ingsun dadekake tepa palupi tumrap wong kang keri-keri kang becik tumindake.

١٢٩- وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْآخِرِينَ ۙ

Wa taraknaa 'alaihi fil aakhiriin.

130. "Dirgahayu kaparingake marang Ilyas". [853]

١٣٠- سَلَامٌ عَلَىٰ إِلْ يَاسِينَ ۝

Salaamun 'alaa ilyaasiin.

131. Kaya mangkono uga Ingsun angganjar marang wong-wong kang becik tumindake.

١٣١- إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ۝

Innaa kadzaalika najzil muhsiniin.

132. Sanyata dheweke dadi golongane kawulanIngsun kang padha iman.

١٣٢- إِنَّهُ مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِينَ ۝

Innahuu min 'ibaadinal mu'miniin.

133. Temen Luth iku dadi golongane para Rasul.

١٣٣- وَإِنَّ لُوطًا لَمِنَ الْمُرْسَلِينَ ۙ

Wa inna luuthal laminal mursaliin.

---

852). **Tembung "Ba'la" wonten basa Yaman, artosipun Pangeran ingkang dipun sembah-sembah; maksud ing ayat punika nami brahala ingkang sami dipun sembah ummat Ilyas, ugi dados brahalanipun tiyang Phunicia.**

853). **Kadhang kala Nabi Ilyas punika dipun paringi asma "Ilyasiin".**

134. Muhammad, sira nuturna! ing nalika Ingsun nylametake dheweke lan ahline.

١٣٤- إِذْ نَجَّيْنَٰهُ وَأَهْلَهُۥٓ أَجْمَعِينَ ۝

Idz najjainaahu wa ahlahuu ajma'iin.

135. Kajaba wong wadon tuwa, bojone Luth kang dikatutake karo wong kang padha disiksa.

١٣٥- إِلَّا عَجُوزًا فِى ٱلْغَٰبِرِينَ ۝

Illaa 'ajuuzan fil ghaabiriin.

136. Ingsun banjur ngrusak nyirnakake wong-wong liyane, kang bangkang marang Luth.

١٣٦- ثُمَّ دَمَّرْنَا ٱلْءَاخَرِينَ ۝

Tsumma dammarnal aakhariin.

137. Lan satemene sira kabeh wong kafir Mekkah, padha ngliwati patilasan-patilasan wong-wong mau, ana ing wektu esuk.

١٣٧- وَإِنَّكُمْ لَتَمُرُّونَ عَلَيْهِم مُّصْبِحِينَ ۝

Wa innakum latamurruuna 'alaihim mush bihiin..

138. Lan uga ana ing wayah bengi. apa sira ora padha gelem mikir?

١٣٨- وَبِٱلَّيْلِ ۗ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝

Wa billaili afalaa ta'qiluun.

139. Lan temen Yunus iku dadi golongane para Rasul.

١٣٩- وَإِنَّ يُونُسَ لَمِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ ۝

Wa inna yuunusa laminal mursaliin.

140. Muhammad, sira nuturna! ing nalika dheweke mlayoni prahu kang wus kebak momotane. 854)

١٤٠- إِذْ أَبَقَ إِلَى ٱلْفُلْكِ ٱلْمَشْحُونِ ۝

Idz abaqa ilal fulkil masyhuun.

141. Dumadakan dheweke tampa undhian, mula dheweke dadi wong kang kacemplungake Segara!

١٤١- فَسَاهَمَ فَكَانَ مِنَ ٱلْمُدْحَضِينَ ۝

Fasaahama fakaana minal mud-hadhiin.

142. Ing kono Yunus kauntal dening iwak gedhe ing Segara, tur keparan tutuh.

١٤٢- فَٱلْتَقَمَهُ ٱلْحُوتُ وَهُوَ مُلِيمٌ ۝

Faltaqamahul huutu wahuwa muliim.

---

854). Nabi Yunus nate cacad sabab mlajar saking kuwajiban; wonten ing baita ingkang momotanipun nglangkungi tonage-nipun baita, lajeng dipun wontenaken undhian, sinten kekengingan undhian kacemplungaken Seganten. Nabi Yunus kalebet ingkang kenging undhian, mila kacemplungaken ing Seganten, dipun caplok ulam Seganten ingkang ageng. Ing wusana Allah paring pitulung saged medal saking padharanipun ulam wau, salajengipun katetepaken dados Utusaning Allah ing Negari Ninive, ingkang ummatipun sami ta'at ing pranatan Agamining Allah SWT.

143. Mula upama dheweke iku dudu golongane wong kang maha nucekake marang Allah,

١٤٣- فَلَوْلَآ أَنَّهُۥ كَانَ مِنَ ٱلْمُسَبِّحِينَ ۝

Falau laa annahuu kaana minal musabbihiin.

144. Sayekti dheweke tetap ana ing sajerone weteng iwak gedhe mau nganti tekan dinane tangi saka kubur!

١٤٤- لَلَبِثَ فِى بَطْنِهِۦٓ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ۝

Lalabitsa fii bathnihii ilaa yaumi yub'atsuun.

145. Ingsun nuli ngetokake saka weteng iwak gedhe mau marang gisiking Segara kaṛo nandhang lara!

١٤٥- فَنَبَذْنَٰهُ بِٱلْعَرَآءِ وَهُوَ سَقِيمٌ ۝

Fanabadznaahu bil'araa-i wahuwa saqiim.

146. Lan Ingsun nukulake uwit Labu kang nutupi awake Yunus.

١٤٦- وَأَنۢبَتْنَا عَلَيْهِ شَجَرَةً مِّن يَقْطِينٍ ۝

Wa ambatnaa 'alaihi syajaratam miyyaqthiin.

147. Ingsun banjur angutus Yunus marang Negara Niniwe, kang jiwane satus ewu utawa luwih.

١٤٧- وَأَرْسَلْنَٰهُ إِلَىٰ مِاْئَةِ أَلْفٍ أَوْ يَزِيدُونَ ۝

Wa arsalnaahu ilaa mi-ati alfin au yaziiduun.

148. Wong-wong mau banjur padha gelem ngestokake, nuli Ingsun bebungah tumeka mangsa kang katamtokake.

١٤٨- فَـَٔامَنُوا۟ فَمَتَّعْنَٰهُمْ إِلَىٰ حِينٍ ۝

Fa-aamanuu famatta'naahum ilaa hiin.

Ora pantes manawa Gusti Allah iku kagungan putra.

149. Muhammad, sira takona wong kafir kabeh: "Apa hiya Pangeranira kagungan putra wadon, lan wong-wong iku anduweni anak lanang".

١٤٩- فَٱسْتَفْتِهِمْ أَلِرَبِّكَ ٱلْبَنَٰتُ وَلَهُمُ ٱلْبَنُونَ ۝

Fastaftihim alirabbikal banaatu walahumul banuun.

150. Lah, apa Ingsun anitahake Malaikat kadadekake wadon, lan dheweke apa padha nyekseni? 855)

١٥٠- أَمْ خَلَقْنَا ٱلْمَلَٰٓئِكَةَ إِنَٰثًا وَهُمْ شَٰهِدُونَ ۝

Am khalaqnal malaa-ikata inaatsaw wahum syaahiduun.

855). Tiyang musyrikin Mekkah sami cecriyosan bilih Allah kagungan putra-putra putri inggih punika Malaikat, ing mangka piyambakipun nganggep ina sanget gadhah anak putri.

151. Handak ora! satemene dheweke iku harak wus padha celathu goroh,

١٥١- أَلَآ إِنَّهُم مِّنْ إِفْكِهِمْ لَيَقُولُونَ ۝

Alaa innahum min ifkihim layaquuluun.

152. Celathune: "Allah iku peputra!". Yekti dheweke wus padha goroh!

١٥٢- وَلَدَ ٱللَّهُ وَإِنَّهُمْ لَكَٰذِبُونَ ۝

Waladallaahu wa innahum lakaadzibuun.

153. Apa iya PanjenengaNe milih putra wadon, ora milih putra lanang?

١٥٣- أَصْطَفَى ٱلْبَنَاتِ عَلَى ٱلْبَنِينَ ۝

Ash-thafal banaati 'alal baniin.

154. Kadadean apa kang ana ing antaranira kabeh? Kapriye nalare kok sira kabeh anetepake mangkono iku?

١٥٤- مَا لَكُمْ كَيْفَ تَحْكُمُونَ ۝

Maa lakum kaifa tahkumuun.

155. Lah, apa sira ora gelem nampa pepeling kang gathuk ing akal?

١٥٥- أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ۝

Afalaa tadzakkaruun.

156. Utawa maneh, apa sira anduweni tandha yekti kang nyata?

١٥٦- أَمْ لَكُمْ سُلْطَٰنٌ مُّبِينٌ ۝

Am lakum sulthaanum mubiin.

157. Mara gawanen mrene Kitabira Taurat iku, manawa sira padha temen!

١٥٧- فَأْتُوا۟ بِكِتَٰبِكُمْ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝

Fa'tuu bikitaabikum in kuntum shaadiqiin..

158. Si kafir musyrik wus padha nganggep manawa: antarane Allah lan jin, iku tunggal nasab (saketurunan famili), kang mangka jin dhewe mangerti yen wong kafir iku bakal diglandhang menyang siksa Neraka.

١٥٨- وَجَعَلُوا۟ بَيْنَهُۥ وَبَيْنَ ٱلْجِنَّةِ نَسَبًا ۚ وَلَقَدْ عَلِمَتِ ٱلْجِنَّةُ إِنَّهُمْ لَمُحْضَرُونَ ۝

Wa ja'aluu bainahuu wa bainal jinnati nasabaa, walaqad 'alimatil jinnatu innahum lamuh-dharuun..

159. Allah iku Maha Suci, adoh sungsate saka pangucape wong-wong kafir!

١٥٩- سُبْحَٰنَ ٱللَّهِ عَمَّا يَصِفُونَ ۝

Subhaanallaahi 'ammaa yashifuun.

160. Kajaba kawulanIng Allah kang resik saka dosa. 856)

١٦٠- إِلَّا عِبَادَ ٱللَّهِ ٱلْمُخْلَصِينَ ۝

Illaa 'ibaadallaahil mukhlashiin.

856). Ingkang dipun maksud "Kawulaning Allah" ing ngriki inggih punika para jin ingkang sami iman.

Wong-wong musyrik lan sesembahane ora duwe daya apa-apa.

161. Satemene sira kabeh wong kang padha kafir, lan brahala kang padha sira sembah, iku mung titahe Allah.

١٦١- فَإِنَّكُمْ وَمَا تَعْبُدُونَ ۝

Fa-innakum wamaa ta'buduun.

162. Babar pisan ora ana kang bisa nyuda KaluhuraNe Allah.

١٦٢- مَآ أَنتُمْ عَلَيْهِ بِفَٰتِنِينَ ۝

Maa antum 'alaihi bifaatiniin.

163. Kajaba malah wong-wong mau bakal malebu Neraka Jahim kang mulad-mulad.

١٦٣- إِلَّا مَنْ هُوَ صَالِ ٱلْجَحِيمِ ۝

Illaa man huwa shaalil jahiim.

164. Malaikat padha ngucap: "Kula sadaya anggadahi pangkat ingkang kaudanen, kawogan kuwajiban ingkang katemtokaken.

١٦٤- وَمَا مِنَّآ إِلَّا لَهُۥ مَقَامٌ مَّعْلُومٌ ۝

Wamaa minnaa illaa lahuu maqaamum ma'luum.

165. Lan saestu kita sadaya punika bebarisan lelarikan (jejer-jejer) nindakake dhawuhing Allah.

١٦٥- وَإِنَّا لَنَحْنُ ٱلصَّآفُّونَ ۝

Wa innaa lanahnush shaaffuun.

166. Makaten ugi, kita sadaya punika saestu tansah memuji, maha sucekaken Asmaning Allah".

١٦٦- وَإِنَّا لَنَحْنُ ٱلْمُسَبِّحُونَ ۝

Wa innaa lanahnul musabbihuun.

167. Lan temen wong-wong kafir iku ngucap maneh:

١٦٧- وَإِن كَانُوا۟ لَيَقُولُونَ ۝

Wa-in kaanuu layaquuluun.

168. "Saupama kita kaparingan pepeling Kitab, kaya kang wus kaparingake wong-wong kuna biyen,

١٦٨- لَوْ أَنَّ عِندَنَا ذِكْرًا مِّنَ ٱلْأَوَّلِينَ ۝

Lau anna 'indanaa dzikram minal awwaliin.

169. Kita mesthi tetap dadi kawulaning Allah kang resik saka dosa".

١٦٩- لَكُنَّا عِبَادَ ٱللَّهِ ٱلْمُخْلَصِينَ ۝

Lakunnaa 'ibaadallaahil mukhlashiin.

170. Ananging dheweke padha ngingkari Al Quraan, mangka besuk dheweke bakal padha mangerti pikolehe anggone ngingkari mau!

١٧٠- فَكَفَرُوا۟ بِهِۦ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ۝

Fakafaruu bihii fasaufa ya'lamuun.

Para Andika Rasul lan pandherek-pandhereke bakal nemoni kabegjan jati.

171. Lan yekti wus kelakon, dhawuh janjinIngsun marang para kawulanIngsun kang padha dadi Rasul.

١٧١- وَلَقَدْ سَبَقَتْ كَلِمَتُنَا لِعِبَادِنَا الْمُرْسَلِينَ ۝

Walaqad sabaqat kalimatunaa li'ibaadinal mursaliin.

172. Yaiku satemene dheweke mesthi oleh pitulung!

١٧٢- إِنَّهُمْ لَهُمُ الْمَنْصُورُونَ ۝

Innahum lahumul manshuuruun.

173. Lan wadyabalanIngsun kang Mu'min yekti padha pinaringan kamenangan! 857)

١٧٣- وَإِنَّ جُنْدَنَا لَهُمُ الْغَالِبُونَ ۝

Wa inna jundanaa lahumul ghaabiluun.

174. He Muhammad! sira ngungkurna wong-wong iku nganti sawatara mangsa.

١٧٤- فَتَوَلَّ عَنْهُمْ حَتَّىٰ حِينٍ ۝

Fatawalla 'anhum hattaa hiin.

175. Lan si kafir! sira weruhna, ing mengko dheweke bakal padha weruh kekalahane!

١٧٥- وَأَبْصِرْهُمْ فَسَوْفَ يُبْصِرُونَ ۝

Wa abshirhum fasaufa yubshiruun.

176. Apa dheweke padha selak kesusu marang tumuruning siksanIngsun?

١٧٦- أَفَبِعَذَابِنَا يَسْتَعْجِلُونَ ۝

Afabi'adzaabinaa yasta'jiluun.

857). Kenging punapa Nabi Muhammad s.a.w. dados panguwasaning pimpinan lan kaum Muslimin dados ummat ingkang dipun pimpin, angsal sukses ageng (kamenangan)? Boten sanes kula aturi wangsul mirsani ayat: 128 Surat At-Taubah, punika satunggaling latar wingking politik kapemimpinan, manawi istilah modern ilmu management: "in - nate interest in, and effection for people" (Erwin Shell) ingkang artosipun: Pemimpin ingkang kagungan kaprihatosan ageng sarta labet lebet dhateng sadaya sapari-polahing manungsa sasami-samining ngagesang, sarta kagungan raos supeket (akrab) kalayan sadaya Rakyat (ingkang dipun pimpin). Sami kaliyan sumber wibawanipun Rasulullah s.a.w. kaweca ing ayat kasebat :"Yekti samengko sira wus padha karawuhan sawijining Utusan (Muhammad) saka golongane awakira dhewe, kang banget prihatine ngrasakake nggonira padha dosa, kang banget mrihatinake marang sira kabeh, tur kang welas asih marang para wong Mu'min". Dados pemimpin sukses ing perjoanganipun boten namung wasis damel cara (artificial), ananging ingkang baku kagungan sumber wibawa, anggadhahi seni lan kaconggahan anggayuh ancas tujuan sarana angginakaken kakiyatan tiyang kathah, makaten menggah kaprihatosanipun Nabi Muhammad s.a.w. dhateng Ummatipun, ingkang kenging kangge tepa-palupi kita sadaya, langkung-langkung ingkang ngasta Pimpinan, Guru, Ulama, Direktur Perusahaan sapiturutipun.

177. Nalika siksa iku wus tumurun ana ing pakarangane wong-wong kafir mau, ing wayah esuk-esukane,[858] katon ala banget dinulu kahanane dheweke kang padha dielingake mau.

١٧٧- فَإِذَا نَزَلَ بِسَاحَتِهِمْ فَسَآءَ صَبَاحُ الْمُنْذَرِينَ ۝

Fa-idzaa nazala bisaahatihim fasaa-a shabaahul mundzariin.

178. He Muhammad! sira ngungkurna wong-wong iku nganti sawatara mangsa.

١٧٨- وَتَوَلَّ عَنْهُمْ حَتَّىٰ حِينٍ ۝

Watawalla 'anhum hattaa hiin.

179. Lan si kafir sira weruhna! ing mengko dheweke bakal sumurup kekalahane.

١٧٩- وَأَبْصِرْ فَسَوْفَ يُبْصِرُونَ ۝

Wa abshir fasaufa yubshiruun.

180. Maha Suci Pangeranira! Pangeran kang Maha Unggul adoh saka anggone nyipati wong-wong kafir kabeh.

١٨٠- سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ ۝

Subhaana rabbika rabbil 'izzati 'ammaa yashifuun.

181. "Karahayon kaparingake marang para Utusan Rasul".

١٨١- وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ ۝

Wa salaamun 'alal mursaliin.

182. Sakabehing puji pangalembana iku kunjuk ing ngarsa dalem Allah ingkang Mangerani 'alam saJagad pramudita!

١٨٢- وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Walhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin.

***)

---

858). Kados ingkang kalampahan ing Perang Donya II, awal Jerman (Hitler) nyerbu Eropa ing wekdal fajar, makaten ugi pelabuhan Hawai, pangkalan Angkatan Laut Amerika ugi dipun serang Armada Jepang ing wekdal enjing uthuk-uthuk, dados wekdal taksih sekeca tilem dumadakan dipun serbu (blitzkrieg) sarana serangan kilat. Tamtu kemawon sakala punika katleyek lan kawon kaseser perangipun. Dene ing ayat punika tetembungan "shahaabu" ing wekdal enjing, umumipun kados katerangan kasebat, ananging maksudipun sadhengah wekdaling tiyang (mengsah) nembe lena, saat punika dipun gepuk dening siksa, sabab tumindakipun duraka lan murang tata.

***). Mangga para sutrisna kula dherekaken ngupadosi interkorelasi (sesambetan ingkang wonten manunggiling ancas lan tujuan) antawisipun surat Ash Shaffaat kalayan surat Shaad, kados katerangan ing ngandhap punika: 1. Wonten ing surat Ash Shaffaat katerangaken bilih titiyang musyrik saderengipun Nabi Muhammad s.a.w. kautus sami ngandharaken manawi Kitab Samawi (bangsa tumurun saking Langit) jaman kina, piyambakipun badhe ta'at! Dene wonten surat Shaad dipun gamblangaken bilih Al Quraan punika Kitab saking Langit, saking ngarsa dalem Allah, ingkang Pungkasan piyambak, ingkang Nyampurnaken Kitab-Kitab saderengipun, sarta cocok asas-asas Ka-Agama-anipun (1. Iman ing Allah SWT sarana Tauhid, 2. Ibadah lan amal shaleh, 3. Badhe sowan ngadhep ing Allah nampi Suwarga/Neraka).
2. Ing surat Ash Shaffaat katerangaken bilih Al Quraan tumurun dhateng K.N. Muhammad s.a.w., titiyang musyrik Mekkah tetep sami ambangkang lan mengsahi sumiyaripun da'wah, dene wonten surat Shaad anerangaken: punapa sabab-sababipun dene tiyang musyrik punika sami ambangkang lan mengsahi Islam!

SHAAD

Surat kaping 38 : 88 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Qamar.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Wong kang mungsuhi para Andika Nabi mesthi katiwasan.

1. Shaad (Hamung ngarsa dalem Allah piyambak kang Nupiksa maksude). Demi Al Quraan kang isi pepeling-agung!

١ - صٓ وَالْقُرْاٰنِ ذِى الذِّكْرِ ۝

Shaad wal qur'aani dzidz dzikr.

2. Nanging wong kang padha kafir iku malah kumluhur lan banget anggone mungsuhi marang Allah sarta UtusaNe!

٢ - بَلِ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فِىْ عِزَّةٍ وَّشِقَاقٍ ۝

Balilladziina kafaruu fii 'izzatiw wa syiqaaq.

3. Wus pira bae, kehe ummat sadurunge dheweke, kang Ingsun sirnakake, ing kono banjur padha sesambat nyuwun tulung, mangka wektu iku dudu mangsane oncat saka siksa Neraka!

٣ - كَمْ اَهْلَكْنَا مِنْ قَبْلِهِمْ مِّنْ قَرْنٍ فَنَادَوْا وَّلَاتَ حِيْنَ مَنَاصٍ ۝

Kam ahlaknaa min qablihim min qarnin fanaadau walaata hiina manaash.

4. Wong-wong kafir Mekkah padha anggumuni rawuhe Rasul Juru-pepeling kang saka Bangsane, lan wong-wong kafir mau padha ngucap: "Iki tukang sihir! pinter goroh!".

٤ - وَعَجِبُوْٓا اَنْ جَآءَهُمْ مُّنْذِرٌ مِّنْهُمْ وَقَالَ الْكٰفِرُوْنَ هٰذَا سٰحِرٌ كَذَّابٌ ۝

Wa 'ajibuu an-jaa-ahum mundzirum minhum wa qaalal kaafiruuna haadzaa saahirun kadzdzaab.

5. Apa Muhammad andadekake Pangeran kang akeh iku, didadekake dadi Pangeran Kang Sawiji? Kang mangkene iki perkara kang angeramake banget!".

٥ - اَجَعَلَ الْاٰلِهَةَ اِلٰهًا وَّاحِدًا ۚ اِنَّ هٰذَا لَشَىْءٌ عُجَابٌ ۝

Aja'alal aalihata ilaahaw waahidaa, inna haadzaa lasyai-un 'ujaab.

٦- وَانْطَلَقَ الْمَلَأُ مِنْهُمْ اَنِ امْشُوْا وَاصْبِرُوْا عَلٰٓى اٰلِهَتِكُمْ ۚ اِنَّ هٰذَا لَشَيْءٌ يُّرَادُ ۝

Wanthalaqal mala-u minhum animsyuu washbiruu 'alaa aalihatikum, inna haadzaa lasyai-un yuraad.

6. Sagolongan saka pemimpin-pemimpin kafir lunga karo ngucap: "Sira padha terusa panganggepira marang brahalanira kalawan tetep manteping atinira, satemene kang mangkene iki perkara kang perlu ginayuh. 859)

٧- مَا سَمِعْنَا بِهٰذَا فِى الْمِلَّةِ الْاٰخِرَةِ ۖ اِنْ هٰذَآ اِلَّا اخْتِلَاقٌ ۝

Maa sami'naa bihaadzaa fil millatil aakhirah, in haadzaa illakhtilaaq.

7. Kita durung tau krungu pangajake Muhammad mangkene iki, ana Agama kang wekasan! 860) Kang mangkene iki ora liya mung gegorohan kang dianak-anakake bae!

٨- ءَاُنْزِلَ عَلَيْهِ الذِّكْرُ مِنْ بَيْنِنَا ۚ بَلْ هُمْ فِىْ شَكٍّ مِّنْ ذِكْرِىْ ۚ بَلْ لَّمَّا يَذُوْقُوْا عَذَابِ ۝

A-unzila 'alaihidz dzikru mim baininaa, bal hum fii syakkim min dzikrii, bal lammaa yadzuuquu 'adzaab.

8. Apa hiya, kang katurunan Kitab Suci iku mung dheweke dhewe, kanca-kancane ora ?". PangandikaNe Allah : "Satemene wong-wong iku padha mamang marang pepelingIngsun, Quraan; sababe marga durung ngrasakake siksanIngsun.

٩- اَمْ عِنْدَهُمْ خَزَآئِنُ رَحْمَةِ رَبِّكَ الْعَزِيْزِ الْوَهَّابِ ۝

Am 'indahum khazaa-inu rahmati rabbikal 'aziizil wahhaab.

9. Apa hiya wong-wong kafir mau padha anduweni gedhonging rajabrana rahmating Pangeranira kang Maha Mulya tur Agungpeparinge.

١٠- اَمْ لَهُمْ مُّلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۖ فَلْيَرْتَقُوْا فِى الْاَسْبَابِ ۝

Am lahum mulkus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa, falyartaquu fil asbaab.

10. Utawa maneh apa wong-wong iku anduweni Karatoning Langit lan Bumi, dalah saisen-isene kabeh; coba padha ngunggahana 'alam-dhuwur Langit) sarana sabab-musabab !

١١- جُنْدٌ مَّا هُنَالِكَ مَهْزُوْمٌ مِّنَ الْاَحْزَابِ ۝

Jundum maa hunaalika mahzuumum minal ahzaab.

11. Ana ing kono wadyabalane wong kafir iku kang asor, 861) sabab maido ing sira Muhammad.

---

859). Pamanggihipun pemimpin kafir, bilih nyembah brahala-brahala punika ingkang dipun karsakaken dening Allah.

860). Ingkang dipun maksud titiyang kafir Quraisy punika Agami Nasrani ingkang gadhan kapitadosan Trinitas (Pangeran punika Tiga).

861). Punika anyriosaken perang ing palagan Khandak ing Madinah (perang angginaken jagang-jero ingkang ngubengi (bentengi) Madinah. Ing ngriku titiyang kafir sakuthon kaliyan wadyabala Yahudi lan Kabilah-Kabilah Arab sanesipun. Ing wusana golongan-golongan ingkang sakuthon kasengser ing yuda, pikantuk pitulunganing Allah wadyabala Islam menang. Saweneh ahli Tafsir wonten ingkang nerangaken punika perang Badar, wallaahu 'alam.

12. Biyen kaume Nuh lan 'Aad uga wus padha maido, lan uga Fir'aun kang anduweni kayu pathok, yaiku wadyabala kang akeh.

١٢- كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَّعَادٌ وَّفِرْعَوْنُ ذُو الْأَوْتَادِ ۝

Kadzdzabat qablahum qaumu nuuhiw wa 'aaduw wa fir'aunu dzul autaad.

13. Lan Tsamud sarta kaume Luth, lan wong ing desa Aikah,[862] iku kabeh pepanthaning wong kafir.

١٣- وَثَمُودُ وَقَوْمُ لُوطٍ وَّأَصْحٰبُ الْأَيْكَةِ ۭ أُولٰٓئِكَ الْأَحْزَابُ ۝

Wa tsamuudu wa qaumu luutiw wa ash-haabul aikati, ulaa-ikal ahzaab.

14. Saben-saben panthan mau wus padha maido marang Rasule, mula tetep kapatrapan siksanIngsun.

١٤- إِنْ كُلٌّ إِلَّا كَذَّبَ الرُّسُلَ فَحَقَّ عِقَابِ ۝

In-kullun illaa kadzdzabar rusula fahaqqa 'iqaaab.

15. Sanyata kang padha dienteni dening wong-wong mau ora liya kajaba petak panjeriting Malaikat tetengering Qiyamat sapisan kang ora kena dicegah.

١٥- وَمَا يَنْظُرُ هٰٓؤُلَآءِ إِلَّا صَيْحَةً وَّاحِدَةً مَّا لَهَا مِنْ فَوَاقٍ ۝

Wamaa yanzhuru haa-ulaa-i illaa shaihataw waahidatam maa lahaa min fawaaq.

16. Lan dheweke padha nyenyuwun : "Dhuh Pangeran kita! mugi Paduka enggalaken paring bebendu siksa saderengipun wekdal dintening papriksan".

١٦- وَقَالُوا رَبَّنَا عَجِّلْ لَّنَا قِطَّنَا قَبْلَ يَوْمِ الْحِسَابِ ۝

Wa qaaluu rabbanaa 'ajjil lanaa qiththanaa qabla yaumil hisaab.

Nabi Dawud a.s. kena cobaning Allah.

17. Sira sabara Muhammad! sauni-unine wong kafir iku, lan sira angelingana kawulanIngsun Dawud, kang anduweni kekuwataning ati, satemene dheweke iku tha'at sungkem ing Allah.

١٧- اِصْبِرْ عَلٰى مَا يَقُولُونَ وَاذْكُرْ عَبْدَنَا دَاوٗدَ ذَا الْأَيْدِ ۖ إِنَّهٗ أَوَّابٌ ۝

Ishbir 'alaa maa yaquuluuna wadzkur 'abdanaa daawuuda dzal-aidi innahuu awwaab.

18. Satemene Ingsun wus ngesorake Gunung-gunung manut kereh Dawud, padha ngaturake puji pangalembana marang Allah ing wayah esuk lan sore.

١٨- إِنَّا سَخَّرْنَا الْجِبَالَ مَعَهٗ يُسَبِّحْنَ بِالْعَشِيِّ وَالْإِشْرَاقِ ۝

Innaa sakhkharnal jibaala ma'ahuu yusabbihna bil 'asyiyyi wal isyraaq..

862). Ingkang sami dedunung wonten ing Madyan, kaumipun Nabi Syu'aib a.s.

19. Lan manuk-manuk padha nglumpuk tundhuk marang Dawud, kabeh bebarengan padha ngadhep sungkem ing Allah.

١٩- وَالطَّيْرَ مَحْشُورَةً ۖ كُلٌّ لَّهُ أَوَّابٌ ۝

Waththaira mahsyuurah, kullul lahuu awwaab.

20. Lan Ingsun anyantosakake Karatone Dawud sarta Ingsun paringi kawicaksanan apa dene ahli wicara!

٢٠- وَشَدَدْنَا مُلْكَهُ وَآتَيْنَاهُ الْحِكْمَةَ وَفَصْلَ الْخِطَابِ ۝

Wa syadadnaa mulkahuu wa aatainaahul hikmata wa fashlal khithaab.

21. Muhammad, apa wus tumeka marang sira carita lelakone wong padudon, nalika padha ngadhep pasowanane Dawud.

٢١- وَهَلْ أَتَاكَ نَبَأُ الْخَصْمِ إِذْ تَسَوَّرُوا الْمِحْرَابَ ۝

Wa hal ataaka naba-ul khashmi idz tasawwarul mihraab.

22. Nalika dheweke padha lumebu sowan marang ngarsane Dawud, Dawud anjenggirat kaget marga wong-wong mau. Wong mau matur: "Panjenengan sampun ajrih, kula sakalih punika sami padudon. Salah satunggalipun ngaken dipun kaniaya dening satunggalipun. Mangga kula aturi mutusi prakawis kula kekalih, sampun bot sih. Tuwin mugi nedahna ing kita dhateng margi ingkang leres!

٢٢- إِذْ دَخَلُوا عَلَىٰ دَاوُودَ فَفَزِعَ مِنْهُمْ ۖ قَالُوا لَا تَخَفْ ۖ خَصْمَانِ بَغَىٰ بَعْضُنَا عَلَىٰ بَعْضٍ فَاحْكُمْ بَيْنَنَا بِالْحَقِّ وَلَا تُشْطِطْ وَاهْدِنَا إِلَىٰ سَوَاءِ الصِّرَاطِ ۝

Idz dakhaluu 'alaa daawuuda fafazi'a minhum qaaluu laa takhaf, khashmaani baghaa ba'dhunaa 'alaa ba'dhin fahkum bainanaa bilhaqqi walaa tusythith wahdinaa ilaa sawaa-ish shiraath.

23. Sadherek kula punika gadhah menda sangang dasa sanga, dene kula namung gadhah satunggal. Wicantenipun: "Wedhusmu siji iku pasrahna marang aku bae", kula ngantos kawon paben kula.

٢٣- إِنَّ هَٰذَا أَخِي لَهُ تِسْعٌ وَتِسْعُونَ نَعْجَةً وَلِيَ نَعْجَةٌ وَاحِدَةٌ فَقَالَ أَكْفِلْنِيهَا وَعَزَّنِي فِي الْخِطَابِ ۝

Inna haadzaa akhiy, lahuu tis'uw wa tis'uuna na'jataw waliya na'jatuw waahidah, faqaala akfilniihaa wa 'azzanii fil khithaab.

24. Dawud mangsuli: "Kancanira iku tetep anggone nganiaya ing sira, jalaran anggone anjaluk wedhus ing sira, kadadekake siji kalawan wedhuse. Pancen wong kekancan iku kang akeh padha tindak nganiaya saweneh marang sawenehe, kajaba wong-wong kang Mu'min lan nindakake laku becik. Iku sathithik cacahe". Nabi Dawud banjur

٢٤- قَالَ لَقَدْ ظَلَمَكَ بِسُؤَالِ نَعْجَتِكَ إِلَىٰ نِعَاجِهِ ۖ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ الْخُلَطَاءِ لَيَبْغِي بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَقَلِيلٌ مَّا هُمْ

ngrumangsani yen kena cobanIngsun, amula dheweke banjur nyuwun pangapura marang Pangerane, lan nuli tumungkul ruku', dhe-dhepe marang Allah.

وَظَنَّ دَاوُدُ أَنَّمَا فَتَنَّاهُ فَاسْتَغْفَرَ رَبَّهُ وَخَرَّ رَاكِعًا وَأَنَابَ ۩ ۝

Qaala laqad zhalamaka bisu-aali na'jatika ilaa ni'aajah, wa-inna katsiiram minal khulathaa-i layabghii ba'dhuhum 'alaa ba'dhin illal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati wa qaliilum maahum, wa zhanna daawuudu annamaa fatannaahu fastaghfara rabbahuu wa kharra raaki'aw wa anaab.

25. Ingsun nuli ngapura ing kaluputane kang mangkono iku, lan Ingsun cedhakake derajate ana ing ngarsanIngsun sarta oleh pangungsen becik.

٢٥- فَغَفَرْنَا لَهُ ذَٰلِكَ وَإِنَّ لَهُ عِنْدَنَا لَزُلْفَىٰ وَحُسْنَ مَآبٍ ۝

Faghafarnaa lahuu dzaalika wa inna lahuu 'indanaa lazulfa wa husna ma-aab.

26. He Dawud! yekti sira Ingsun dadekake Khalifah ana ing Bumi, sira ngukuma ana ing antarane manungsa kalawan bener. Aja anggugu hawa-nafsu mundhak nyasarake sira nyimpang saka dalane Allah. Sanyata wong kang padha sasar saka dalane Allah iku bakal kapatrapan siksa kang abot, jalaran anggone wus padha lali dina hisab, pengadilan akhir!

٢٦- يَا دَاوُدُ إِنَّا جَعَلْنَاكَ خَلِيفَةً فِي الْأَرْضِ فَاحْكُمْ بَيْنَ النَّاسِ بِالْحَقِّ وَلَا تَتَّبِعِ الْهَوَىٰ فَيُضِلَّكَ عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ ۚ إِنَّ الَّذِينَ يَضِلُّونَ عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ بِمَا نَسُوا يَوْمَ الْحِسَابِ ۝

Yaa daawuudu innaa ja'alnaaka khaliifatan fil ardhi fahkum bainan naasi bilhaqqi walaa tattabi'il hawaa fayudhillaka 'an sabiilillaah, innal ladziina yadhilluuna 'an sabiilillaahi lahum 'adzaabun syadiidum bimaa yaumal hisaab.

27. Lan Ingsun anitahake Langit lan Bumi dalah isen-isene iku ora mung sembarangan, wong-wong kang padha kafir wus padha nyana mangkono iku. Mula cilaka wong-wong kafir mau, bakal kacemplungake ing Neraka!

٢٧- وَمَا خَلَقْنَا السَّمَاءَ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا بَاطِلًا ۚ ذَٰلِكَ ظَنُّ الَّذِينَ كَفَرُوا ۚ فَوَيْلٌ لِلَّذِينَ كَفَرُوا مِنَ النَّارِ ۝

Wamaa khalaqnas samaa-a wal ardha wamaa bainahumaa baathilaa, dzaalika zhannul ladziina kafaruu, fawailul lilladziina kafaruu minan naar.

28. Apa hiya Ingsun andadekake wong-wong kang padha iman, lan nindakake amal shaleh iku kaya dene wong-wong kang gawe rusak ana ing Bumi? Utawa apa hiya wong-ong kang padha bekti marang Allah iku Sun dadekake kaya dene wong-wong kang duraka?

٢٨- أَمْ نَجْعَلُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ كَالْمُفْسِدِينَ فِي الْأَرْضِ أَمْ نَجْعَلُ الْمُتَّقِينَ كَالْفُجَّارِ ۝

Am naj'alul ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati kalmufsidiina fil ardhi am naj'alul muttaqiina kal fujjaar..

29. Iki sawijining Kitab Quraan kang Sun turunake marang sira Muhammad, akeh Berkah-kabecikane, supaya dheweke padha mikir-mikir ing ayat-ayate, sarta wong kang duwe akal supaya oleh piwulang lan pepelinge.

٢٩- كِتَابٌ أَنْزَلْنَاهُ إِلَيْكَ مُبَارَكٌ لِيَدَّبَّرُوا آيَاتِهِ وَلِيَتَذَكَّرَ أُولُو الْأَلْبَابِ ۝

Kitaabun anzalnaahu ilaika mubaarakul liyaddabbaruu aayaatihii waliyadzdzakkara ulul albaab.

Nabi Sulaiman a.s. kena cobaning Allah.

31. Lan Ingsun wus maringi putra marang Dawud, arane Sulaiman. Yekti dheweke iku kawula kang becik dhewe, lan dhemen ta'at dhedhepe marang Allah.

٣٠- وَوَهَبْنَا لِدَاوُودَ سُلَيْمَانَ نِعْمَ الْعَبْدُ إِنَّهُ أَوَّابٌ ۝

Wa wahabnaa lidaawuuda sulaimaan, ni'mal 'abdu, innahuu awwaab.

31. Sira Muhammad! nuturna, ing nalika Sulaiman pinintonan jaran kang becik pinuju wayah sore.

٣١- إِذْ عُرِضَ عَلَيْهِ بِالْعَشِيِّ الصَّافِنَاتُ الْجِيَادُ

Idz 'uridha 'alaihi bil 'asyiyyish shaafinaatul jiyaad.

32. Dheweke ngucap: "Satemene aku dhemen jaran iki, saka anggonku angluhurake sesebutane Pangeranku". Jaran kang ngarep dhewe nganti ilang, ora katon kinedhepake.

٣٢- فَقَالَ إِنِّي أَحْبَبْتُ حُبَّ الْخَيْرِ عَنْ ذِكْرِ رَبِّي حَتَّىٰ تَوَارَتْ بِالْحِجَابِ ۝

Faqaala innii ahbabtu hubbal khairi 'an dzikri rabbii, hattaa tawaarat bilhijaab.

33. Sulaiman ngucap maneh: "Cedhakna mrene jaran-jaran iku!". Ing kono dheweke nuli tumandang ngusapi sikil, lan gulune jaran mau.

٣٣- رُدُّوهَا عَلَيَّ فَطَفِقَ مَسْحًا بِالسُّوقِ وَالْأَعْنَاقِ ۝

Rudduuhaa 'alayya, fathafiqa masham bissuuqi wal a'naaq.

34. Lan temen Ingsun wus nyoba Sulaiman, kursi palungguhane Ingsun dokoki[863] sawijining bangke uwong, Sulaiman nuli dhedhepe tobat marang Allah.[864]

٣٤- وَلَقَدْ فَتَنَّا سُلَيْمٰنَ وَأَلْقَيْنَا عَلٰى كُرْسِيِّهٖ جَسَدًا ثُمَّ أَنَابَ ۝

Walaqad fatannaa sulaimaana wa alqainaa 'alaa kursiyyihii jasadan tsumma anaab.

35. Lan dheweke andedonga: "Dhuh Pangeran kawula! mugi Paduka paring pangaksama ing kawula, tuwin mugi Paduka paring Keraton dhateng kula ingkang boten pantes kaparingaken dhateng sok tiyanga sasampunipun kawula, saestunipun Paduka punika Dzat ingkang agung paparingipun!

٣٥- قَالَ رَبِّ اغْفِرْ لِي وَهَبْ لِي مُلْكًا لَّا يَنۢبَغِي لِأَحَدٍ مِّنْ بَعْدِيٓ إِنَّكَ أَنتَ الْوَهَّابُ ۝

Qaala rabbighfirlii wahablii mulkal laa yambaghii li-ahadim mim ba'dii, innaka antal wahhaab.

36. Mulane Ingsun nggampangake angin manut marang Sulaiman, salaku-lakune ngestokake printahe Sulaiman, saenggon-enggone lumaku tansah miturut karepe Sulaiman!

٣٦- فَسَخَّرْنَا لَهُ الرِّيحَ تَجْرِي بِأَمْرِهِ رُخَآءً حَيْثُ أَصَابَ ۝

Fasakhkharnaa lahur riihaa tajrii bi-amrihii rukhaa-an haitsu ashaab.

37. Lan Ingsun ngasorake syetan, tundhuk marang Sulaiman, ana kang dadi tukang batu ambangun karya, lan ana kang dadi juru silem golek mutyara.

٣٧- وَالشَّيَاطِينَ كُلَّ بَنَّآءٍ وَغَوَّاصٍ ۝

Wasysyayaathiina kulla bannaa-iw wa ghawwaash.

38. Lan liyane maneh padha direnteng ana ing rante.

٣٨- وَآخَرِينَ مُقَرَّنِينَ فِي الْأَصْفَادِ ۝

Wa aakhariina muqarraniina fil ashfaad.

39. Dhawuhe Allah: "Yaiki peparingIngsun, sira kawenangake weweh marang liyan, utawa sira keker, ora ana petungan apa-apa!".

٣٩- هٰذَا عَطَآؤُنَا فَامْنُنْ أَوْ أَمْسِكْ بِغَيْرِ حِسَابٍ ۝

Haadzaa 'athaa-unaa famnun au amsik bighairi hisaab.

---

863). Para Ulama ahli Tafsir nggadhahi pamanggih warni tiga: 1. Ingkang nglenggahi ing dhampar kaprabonipun Nabi Sulaiman a.s. punika Raja ingkang menang, ing sawatawis wekdal; lajeng Nabi Sulaiman saged unggul ing yuda, wangsul nglenggahi ing kaprabon. 2. Satunggaling usaha sagolongan kaumipun, nglenggahaken brahala ing dhampar wau, lajeng titiyang ingkang kapilut sami nyembah (musyrik), nanging boten dangu saged kabengkas. 3. Putra kakung ingkang kinasih wafat wonten dhampar wau, panjenenganipun sekel ing panggalih lan prihatos. Inggih saking salah satunggaling tetiganipun punika ateges Nabi Sulaiman a.s. dipun cobi dening Allah, dipun teter iman lan kasabaranipun.

864). Ing wekdal kacobi punika Nabi Sulaiman kathah-kathah enget lan istighfaar (nyuwun pangapunten) ing Allah sarta nyuwun pitedah ing margi ingkang leres; saestu Allah ngijabahi panuwun ipun, saged wangsul jenjem pangibadahipun; inggih lelantaranipun ngasta pusaraning Kerajaan Gung bintahara ing Yerusalem malih dumugining seda. Makaten suraosing ayat: 33 - 40 kasebat.

40. Lan yekti Sulaiman anduweni pangkat ana ngarsanIngsun, yaiku becik-becike panggonan bali.

٤٠- وَإِنَّ لَهُ عِندَنَا لَزُلْفَىٰ وَحُسْنَ مَآبٍ ۝

Wa inna lahuu 'indanaa lazulfaa wa husna ma-aab.

Kasabarane Nabi Ayub a.s.

41. Lan nyaritakna Muhammad! lelakone kawulanIngsun Ayub, nalika dheweke sesambat ngadhuh marang Pangerane: "Saestunipun syetan punika ngreridhu ing kula, sabab anggen kula nandhang sakit, lan rekaos". 865)

٤١- وَاذْكُرْ عَبْدَنَآ أَيُّوبَ إِذْ نَادَىٰ رَبَّهُۥٓ أَنِّى مَسَّنِىَ ٱلشَّيْطَٰنُ بِنُصْبٍ وَعَذَابٍ ۝

Wadzkur 'abdanaa ayyuuba idz naadaa rabbahuu annii massaniyasy syaithaanu binashbiw wa 'adzaab.

42. Pangandikane Allah: "He Ayub! sira anggedrugna sikilira ing lemah! Lan iki panggonan adus kang adhem, lan kena diombe, dadi tambane!

٤٢- ٱرْكُضْ بِرِجْلِكَ هَٰذَا مُغْتَسَلٌۢ بَارِدٌ وَشَرَابٌ ۝

Urkudh birijlika, haadzaa mughtasalum baariduw wa syaraab.

43. Lan Ingsun paring kanugrahan kumpul maneh karo kawulawargane, 866) lan Ingsun paringi tambah brayat maneh minangka rahmat saka ngarsanIngsun, lan dadi pepeling marang wong kang padha anduweni 'akal.

٤٣- وَوَهَبْنَا لَهُۥٓ أَهْلَهُۥ وَمِثْلَهُم مَّعَهُمْ رَحْمَةً مِّنَّا وَذِكْرَىٰ لِأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ ۝

Wa wahabnaa lahuu ahlahuu wa mitslahum rahmatam minnaa wa dzikraa li-ulil albaab.

44. Lan sira anjupuka bongkokan sada, banjur nggonen nggitik garwanira kang sira wus sumpah arep anggitik, 867) sarta sira aja nerajang sumpahira!". Satemene Ingsun

٤٤- وَخُذْ بِيَدِكَ ضِغْثًا فَٱضْرِب بِّهِۦ وَلَا تَحْنَثْ ۗ إِنَّا وَجَدْنَٰهُ صَابِرًا ۚ نِّعْمَ ٱلْعَبْدُ ۖ إِنَّهُۥٓ أَوَّابٌ ۝

865). Nabi Ayub a.s. kacobi dening Allah, dipun ganjar nandhang gerah lan lara-lapa ngantos pepisahan tetahunan kalayan garwa lan putra-putra sadaya, nanging panjenenganipun tetep sabar, tetep iman, lan teguh ing janji dhateng kulawarga sadaya. Panuwunipun rinten dalu, mugi Allah paring lelantaran jampi dipun kabulaken, inggih punika Nabi Ayub kadhawuhan anjejak siti, sarana pitulunging Allah, sanalika ngetuk toyanipun wening! Lajeng siram sarta ngunjuk toya wau, alhamdulillah sanalika sariranipun tumunten sehat wal afiyat, pulih kados wingi-wingi, malah katingal langkung bagas kuwarasan. Pramila lajeng kundur kempal kulawarga, ing ngriku teka sampun tambah ageng kulawarganipun, jalaran putra-putra salaminipun katilar prihatos sampun sami ambangun bale griya, dados putra wayah ingkang sami sungkem sadaya dhateng Rama, tambah kathah, inggih Nabi Ayub a.s. punika ingkang kaloka kasabaranipun sarta kaikhlasanipun!

866). Ing ngriki cetha sanget, anelakaken sintena Rama lan Ibu ingkang sami nampi cobining Pangeran, sami tetep iman lan kasabaranipun, Gusti Allah dereng ganjar ing Akherat, wonten Donya sampun kaicipaken kani'matan, inggih adeging bale-griya lan kulawarga bahagia, jalaran ŏebrayanipun adhedhasar taqwa ing Allah!

867). Ing saleboting nandhang gerah, saged ugi antawisipun Nabi Ayub kalayan ingkang garwa tuwuh sawatawis karibetan intern bale-griya, ngantos panjenenganipun sumpah benjing manawi pinaringan dhangan, badhe anggitik sada dhateng garwanipun. Saestu sareng pinaringan sehat waras-wiris, Allah dhawuh supados angleksanakaken sumpahipun! Punika ugi ujian kasabaran malih ingkang sumandhang panjenenganipun sakaliyan!

Nguningani yen Ayub iku wong sabar, kawula kang kalebu becik dhewe, satemene dheweke iku tansah dhedhepe marang Pangerane.

Wakhudz biyadika dhightsan fadhrib bihii walaa tahnats, innaa wajadnaahu shaabiraa, ni'mal 'abdu innahuu awwaab.

Pirang-pirang Andika Nabi kang pilihan.

45. Muhammad, sira nuturna lelakone para kawulanIngsun, yaiku Ibrahim, Ishaq, lan Ya'qub kang padha anduweni kekuwatan lan jembar wawasane.

٤٥ - وَاذْكُرْ عِبٰدَنَآ اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ اُولِى الْاَيْدِىْ وَالْاَبْصَارِ ۝

Wadzkur 'ibaadanaa ibraahiima wa ishaaqa wa ya'quuba ulil aidii wal abshaar.

46. Satemene Ingsun wus ngresikake atine kalawan temen-temen, eling lelakon besuk ana ing Akherat.

٤٦ - اِنَّآ اَخْلَصْنٰهُمْ بِخَالِصَةٍ ذِكْرَى الدَّارِ ۝

Innaa akhlashnaahum bikhaalishatin dzikraddaar.

47. Lan satemene mungguhing PanjenengananIngsun, dheweke iku kalebu wong kang pinilih tur padha becik-becik.

٤٧ - وَاِنَّهُمْ عِنْدَنَا لَمِنَ الْمُصْطَفَيْنَ الْاَخْيَارِ ۝

Wa innahum 'indanaa laminal mushthafainal akhyaar.

48. Lan elinga! lekakone Isma'il, Ilyasa', lan Dzulkifli, iku kabeh kalebu golongane wong-wong kang padha pinilih tur becik.

٤٨ - وَاذْكُرْ اِسْمٰعِيْلَ وَالْيَسَعَ وَذَا الْكِفْلِ وَكُلٌّ مِّنَ الْاَخْيَارِ ۝

Wadzkur ismaa'iila wal yasa'a wa dzalkifli, wa kullum minal akhyaar.

Pendherek-pendhereke para Nabi kang pinaringan ganjaran saka ngarsaning Allah.

49. Iki pepeling! Lan temen wong-wong kang bekti ing Allah iku bakal padha oleh pangungsen becik.

٤٩ - هٰذَا ذِكْرٌ وَاِنَّ لِلْمُتَّقِيْنَ لَحُسْنَ مَاٰبٍ ۝

Haadzaa dzikrun, wa inna lil muttaqiina lahusna ma-aab.

50. Yaiku Suwarga 'Adn, lawang-lawange wus diwengakake kanggo wong-wong mau.

٥٠ - جَنّٰتِ عَدْنٍ مُّفَتَّحَةً لَّهُمُ الْاَبْوَابُ ۝

Jannaati 'adnim mufattahatal lahumul abwaab.

51. Ana ing kono padha sesendhean, padha diwenangake nyuwun woh-wohan kang mawarna-warna lan omben-omben.

٥١- مُتَّكِـِٔينَ فِيهَا يَدْعُونَ فِيهَا بِفَـٰكِهَةٍ كَثِيرَةٍ وَشَرَابٍ ٥

Muttaki-iina fiihaa yad'uuna fiihaa bi-faakihatin katsiiratiw wa syaraab.

52. Padha nyandhing Widadari kang sapantaran umure, tur padha marem andeleng marang garwane.

٥٢- وَعِندَهُمْ قَـٰصِرَٰتُ ٱلطَّرْفِ أَتْرَابٌ ٥

Wa 'indahum qaashiraatuth tharfi atraab.

53. Yaiki ganjaran kang dijanjekake marang sira besuk ana ing dina papriksan.

٥٣- هَـٰذَا مَا تُوعَدُونَ لِيَوْمِ ٱلْحِسَابِ ٥

Haadzaa maa tuu'aduuna liyaumil hisaab

54. Sanyata iki rezeki paparingIngsun, ora ana enteke!

٥٤- إِنَّ هَـٰذَا لَرِزْقُنَا مَا لَهُۥ مِن نَّفَادٍ ٥

Inna haadzaa larizqunaa maa lahuu min nafaad.

Siksa tumrap wong kang padha ambangkang marang para Andika Rasul.

55. Wruhanira! satemene wong kang lacut bakal padha oleh pangungsen kang luwih ala.

٥٥- هَـٰذَا ۚ وَإِنَّ لِلطَّـٰغِينَ لَشَرَّ مَـَٔابٍ ٥

Haadzaa, wa inna liththaaghiina lasyarra ma-aab.

56. Dheweke bakal nyemplung ing Neraka Jahanam, yaiku ala-alane panggonan.

٥٦- جَهَنَّمَ يَصْلَوْنَهَا ۖ فَبِئْسَ ٱلْمِهَادُ ٥

Jahannama, yashlaunahaa, fabi'sal mihaad.

57. Pangandikaning Allah: "Mara padha rasakna siksa iki! wedang panas mulak-mulak lan nanah".

٥٧- هَـٰذَا فَلْيَذُوقُوهُ حَمِيمٌ وَغَسَّاقٌ ٥

Haadzaa falyadzuuquuhu hamiimuw wa ghassaaq.

58. "Saliyane iku, isih ana siksa maneh pepadhane iku, mawarna-warna".

٥٨- وَءَاخَرُ مِن شَكْلِهِۦٓ أَزْوَاجٌ ٥

Wa aakharuu min syaklihii azwaaj.

59. Pangandikaning Allah marang wong-wong iku: "Iki grombolanira kang kudu nyemplung Neraka, bebarengan karo sira". Pemimpine wong-wong mau padha matur: "Piyambakipun sami boten angsal karahayon, saestunipun tetiyang wau sami nyemplung Neraka, jalaran saking tumindakipun".

٥٩- هٰذَا فَوْجٌ مُّقْتَحِمٌ مَّعَكُمْ ۖ لَا مَرْحَبًا بِهِمْ ۚ إِنَّهُمْ صَالُوا النَّارِ ۝

Haadzaa faujum muqtahimum ma'akum, laa marhabam bihim, innahum shaalun naar.

60. Pangiringe uga padha mangsuli: "Malah sira kang padha ora oleh karahayon. Sira kang aweh kacilakan marang kita. Saala-alaning panggonan yaiku Neraka".

٦٠- قَالُوا بَلْ أَنتُمْ ۖ لَا مَرْحَبًا بِكُمْ ۖ أَنتُمْ قَدَّمْتُمُوهُ لَنَا ۖ فَبِئْسَ الْقَرَارُ ۝

Qaaluu bal antum, laa marhabam bikum, antum qaddamtumuuhu lanaa, fabi'sal qaraar.

61. Wong-wong padha matur ing ngarsaning Allah: "Dhuh Pangeran kawula! tiyang nasaraken dhateng kita kacemplung Neraka punika mugi Paduka wewahi pasiksanipun wonten ing Neraka matikel-tikel".

٦١- قَالُوا رَبَّنَا مَن قَدَّمَ لَنَا هٰذَا فَزِدْهُ عَذَابًا ضِعْفًا فِي النَّارِ ۝

Qaaluu rabbanaa man qaddama lanaa haadzaa fazid-hu 'adzaaban dhi'fan finnaar.

62. Para panuntune padha ngucap: "Geneya ana ing Neraka kene kita ora sumurup wong-wong kang dhek biyen ana ing Donya wus dak etung kalebu golongane wong ala?

٦٢- وَقَالُوا مَا لَنَا لَا نَرَىٰ رِجَالًا كُنَّا نَعُدُّهُم مِّنَ الْأَشْرَارِ ۝

Wa qaaluu maa lanaa naraa rijaalan kunnaa na'udduhum minal asyraar.

63. Dheweke iku kang wus padha dak geguyu, apa pancen pandelengku kang lamur, nganti ora weruh!".

٦٣- أَتَّخَذْنَاهُمْ سِخْرِيًّا أَمْ زَاغَتْ عَنْهُمُ الْأَبْصَارُ ۝

Attakhadznaahum sikhriyyan am zaaghat 'anhumul abshaar.

64. Pangandikaning Allah: "Regejegane wong ahli Neraka kang mangkono iku nyata temenan.

٦٤- إِنَّ ذٰلِكَ لَحَقٌّ تَخَاصُمُ أَهْلِ النَّارِ ۝

Inna dzaalika lahaqqun takhaashumu ahlinnaar.

o5. Dhawuha sira Muhammad: "Sanyata aku iki mung juru-pepeling, ora ana Pangeran kang sinembah, kajaba mung PanjenengaNe Allah piyambak kang Suwiji tur kang murba Wasesa.

٦٥- قُلْ إِنَّمَا أَنَا مُنذِرٌ ۖ وَمَا مِنْ إِلٰهٍ إِلَّا اللَّهُ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ۝

Qul innamaa ana mundzirun, wamaa min ilaahin illallaahul waahidul qahhaar.

66. Pangeraning Langit lan Bumi dalah saisen-isene kabeh, kang Maha Mulya tur kang Maha Ngapura".

٦٦- رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا الْعَزِيْزُ الْغَفَّارُ ۝

Rabbus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumal 'aziizul ghaffaar.

67. Dhawuha sira Muhammad!: "Pepeling iku dadi pawarta gedhe.

٦٧- قُلْ هُوَ نَبَؤٌا عَظِيْمٌ ۝

Qul huwa naba-un 'azhiim.

68. Sira wus padha nglirwakake pepeling iku".

٦٨- اَنْتُمْ عَنْهُ مُعْرِضُوْنَ ۝

Antum 'anhu mu'ridhuun.

69. Aku ora kaparingan ilmu nyumurupi kahanan pajajahan ing dhuwur ('Alam Malaikat) nalika dheweke padha rerembugan regejegan perkara.

٦٩- مَا كَانَ لِيَ مِنْ عِلْمٍ بِالْمَلَاِ الْاَعْلٰٓى اِذْ يَخْتَصِمُوْنَ ۝

Maa kaana liya min 'ilmim bil mala-il a'laa idz yakhtashimuun.

70. Aku mung kaparingan wahyu, anerangake kanthi cetha yen aku iku mung sadrema ngelingake".

٧٠- اِنْ يُّوْحٰٓى اِلَيَّ اِلَّآ اَنَّمَآ اَنَا نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ۝

Iy-yuuhaa ilayya illaa annamaa ana nadziirum mubiin.

Adam lan panggodhaning syetan.

71. Nyritakna Muhammad! nalikane Pangeranira dhawuh marang Malaikat: "Ingsun nitahake manungsa yaiku Adam saka lemah".

٧١- اِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلٰٓئِكَةِ اِنِّيْ خَالِقٌۢ بَشَرًا مِّنْ طِيْنٍ ۝

Idz qaala rabbuka lil-malaa-ikati innii khaaliqum basyaram min thiin.

72. Ing mengko manawa manungsa wus Ingsun gawe sampurna Ingsun damu kalawan Ruh, sira Malaikat banjur tumungkul minangka kurmat sujud marang dheweke".

٧٢- فَاِذَا سَوَّيْتُهٗ وَنَفَخْتُ فِيْهِ مِنْ رُّوْحِيْ فَقَعُوْا لَهٗ سٰجِدِيْنَ ۝

Fa-idzaa sawwaituhuu wa nafakhtu fiihi mir-ruuhii faqa'uu lahuu saajidiin.

73. Tumuli para Malaikat banjur ngestokake dhawuh, kurmat sujud kabeh!

٧٣- فَسَجَدَ الْمَلٰٓئِكَةُ كُلُّهُمْ اَجْمَعُوْنَ ۝

Fasajadal malaa-ikatu kulluhum ajam-'uun.

74. Kajaba si iblis, dheweke ambeg gumedhe, kalebu golongane kang padha kafir!

٧٤- إِلَّا إِبْلِيسَ اسْتَكْبَرَ وَكَانَ مِنَ الْكَافِرِينَ ۝

Illaa ibliis, istakbara wa kaana minal kaafiriin.

75. Allah nuli ngandika: "He iblis, sabab apa sira ora gelem sujud marang manungsa kang wus Ingsun titahake kalawan AstanIngsun? Apa sabab sira iku gumedhe, utawa apa sira iku kalebu titah kang kumaluhur?".

٧٥- قَالَ يَا إِبْلِيسُ مَا مَنَعَكَ أَنْ تَسْجُدَ لِمَا خَلَقْتُ بِيَدَيَّ أَسْتَكْبَرْتَ أَمْ كُنْتَ مِنَ الْعَالِينَ ۝

Qaala yaa ibliisu maa mana'aka an tasjuda limaa khalaqtu biyadayya, astakbarta am kunta minal 'aalamiin.

76. Iblis munjuk: "Kula langkung sae tinimbang manungsa, amargi Paduka nitahaken kawula rak saking latu, sareng manungsa harak Paduka titahaken saking siti".

٧٦- قَالَ أَنَا خَيْرٌ مِنْهُ خَلَقْتَنِي مِنْ نَارٍ وَخَلَقْتَهُ مِنْ طِينٍ ۝

Qaala anaa khairum minhu, khalaqtanii min naariw wa khalaqtahuu min thiin.

77. Allah dhawuh: "Sira minggata saka ing Suwarga! Satemene sira iku patut dirajam bae!

٧٧- قَالَ فَاخْرُجْ مِنْهَا فَإِنَّكَ رَجِيمٌ ۝

Qaala fakhruj minhaa fa-innaka rajiim.

78. Lan satemene wus tetep sira iku oleh la'natIngsun, nganti tekan dina Qiyamat".

٧٨- وَإِنَّ عَلَيْكَ لَعْنَتِي إِلَى يَوْمِ الدِّينِ ۝

Wa inna 'alaika la'natii ilaa yaumiddiin.

79. Iblis matur: "Dhuh Pangeran kula! mugi Paduka karsa nyrantosaken ing kula, dumugi dintenipun para manungsa tangi saking kubur".

٧٩- قَالَ رَبِّ فَأَنْظِرْنِي إِلَى يَوْمِ يُبْعَثُونَ ۝

Qaa'a rabbi fa-anzhirnii ilaa yaumi yub'atsuun.

80. Allah ngandika: "Hiya, sira iku kalebu kang disrantekake.

٨٠- قَالَ فَإِنَّكَ مِنَ الْمُنْظَرِينَ ۝

Qaala fa-innaka minal munzhariin.

81. Tekan dina titi mangsa kang wus ditamtokake".

٨١- إِلَى يَوْمِ الْوَقْتِ الْمَعْلُومِ ۝

Ilaa yaumil waqtil ma'luum.

82. Ature iblis: "Demi kamulyan Paduka! estu kula badhe nyasaraken piyambakipun, Adam saturunipun sadaya!

٨٢- قَالَ فَبِعِزَّتِكَ لَأُغْوِيَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ۝

Qaala fabi'izzatika la-ughwiyannahum ajma'iin.

83. Kajawi kawula Paduka ingkang sami ikhlas resik manahipun". 868)

٨٣- إِلَّا عِبَادَكَ مِنْهُمُ الْمُخْلَصِينَ ۝

Illaa 'ibaadika minhumul mukhlashiin.

84. Dhawuhing Allah: "Mungguh barang haq iku, yaiku kang nyata Ingsun dhawuhake".

٨٤- قَالَ فَالْحَقُّ وَالْحَقَّ أَقُولُ ۝

Qaala falhaqqu walhaqqa aquul.

85. Yaiku, sayekti Ingsun bakal ngebaki Jahanam sarana sira iblis lan turune Adam kang manut ing sira, kabeh bae".

٨٥- لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنْكَ وَمِمَّنْ تَبِعَكَ مِنْهُمْ أَجْمَعِينَ ۝

La-amla-anna jahannama minka wa mimman tabi'aka minhum ajma'iin.

86. Dhawuha sira Muhammad!: "Aku ora anjaluk upah anggonku ngratakake Quraan marang sira, lan aku iki dudu golongane wong kang gawe angel marang sira kabeh.

٨٦- قُلْ مَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ وَمَا أَنَا مِنَ الْمُتَكَلِّفِينَ ۝

Qul maa as-alukum 'alaihi min ajriw wamaa ana minal mutakallifiin.

87. Ora liya Quraan iku, kajaba pepeling-ing Allah marang Jagad Raya!

٨٧- إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِلْعَالَمِينَ ۝

In huwa illaa dzikrul lil 'aalamiin.

88. Lan Demi Allah, sanyata sira kabeh bakal weruh kanyatahaning kabar Quraan, 869) sawatara mangsa engkas!".

٨٨- وَلَتَعْلَمُنَّ نَبَأَهُ بَعْدَ حِينٍ ۝

Walata'lamunna naba-ahuu ba'da hiin.

***)

868). Inggih punika titiyang ingkang ta'at dateng pitedah lan dhawuhing Allah SWT.

***). Katerangan ingkang sawatawis wigatos minangka intisari utawi interkorelasi (sesambetan ingkang manunggil ancas lan tujuanipun) saking surat kakalih Ash Shaad lan surat Az Zumar (Rombongan) kirang langkung makaten: 1. Surat Az Zumar punika ugi kawastanan surat Al Ghuraf, tegesipun pinten-pinten kamar utawi griya-griya panggung ingkang sungsun-sungsun, makaten kasebat ing ayat 20. Ghuraf ingkang kasedhiakaken dhumateng titiyang Mu'min punika kani'matan peparinging Allah SWT ingkang anocoki amal sarta jasanipun, sarta amal wau katindakaken sarana ikhlasing manah! Ananging wonten ing surat kakalih wau, sami angerangaken sangkan paraning dumadinipun manungsa ngantos kemputipun, margi ingkang dipun ambah sadaya kawulaning Allah, ingkang badhe seba sowan wonten ngarsa dalem Allah SWT benjing ing dinten Qiyamat!

2. Kados ingkang kaweca ing surat Az Zumar, manawi kita anelusuri sarana petitis saking awal dumugi akhir surat Az Zumar, punika dados lajengipun katerangan saking surat Shaad. Jalaran akhir surat Shaad katerangaken Allah anyipta dumadinipun Adam a.s., salajengipun lajeng saged gesang, lajeng pejah, lajeng dipun tangekaken: gesang malih! Ing wusana badhe anemahi kawontenan ingkang alternatifipun kalih: Suwarga utawi Neraka! Punika cekak aos lan sanget wigatos! Pramila kapanggaliha ingkang wening, sampun kapilut ing hawa-nafsu utawi dados mitra kinasih dening syetan!

869). Maksudipun kaleresaning kabar katamtuan saking Quraan wonten Donya, inggih punika saestu kaleksanan paring pitulungipun Allah dhumateng perjoanganipun Ummat Islam ingkang saestu-saestu, ngawonaken tiyang musyrik lan kafir, lan janji Quraan benjing ing dinten Qiyamat ugi tamtu badhe nyata Allah paring piwales tiyang duraka lan paring Suwarga tiyang ingkang iman lan amal shaleh.

AZ ZUMAR (ROMBONGAN)

Surat kaping 39 : 75 ayat.

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 52, 53 lan 54 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Saba'.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Tumuruning Al Quraan iku terang saka ngarsaning Allah, Pangeran kang Maha Mulya, tur kang Wicaksana.

١ - تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللّٰهِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ۝

Tanziilul kitaabi minallaahil 'aziizil hakiim.

2. Ingsun wus nurunake Kitab Al Quraan marang sira Muhammad, isi pituduh kang bener, mula sira nyembaha marang Allah, kanthi murnekake panyembah marang PanjenengaNe.

٢ - اِنَّآ اَنْزَلْنَآ اِلَيْكَ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ فَاعْبُدِ اللّٰهَ مُخْلِصًا لَّهُ الدِّيْنَ ۝

Innaa anzalnaa ilaikal kitaaba bilhaqqi fa'budillaaha mukhlishal lahuddiin.

3. Di eling! Konjuk marang Allah pribadi Agama kang murni iku. Dene wong-wong kang nganggep kekasih saliyane Allah, padha ngucap: "Kita ora padha nyembah brahala-brahala iku, kajaba mung supaya dadi lantaran nyedhakake kita marang Allah". Pangandikaning Allah: "Temen Allah bakal ngukumi antarane wong-wong iku tumrap prakara kang padha dianggo pasulayan. Satemene Allah iku ora karsa nuduhake wong kang goroh tur ingkar.

٣ - اَلَا لِلّٰهِ الدِّيْنُ الْخَالِصُ ۗ وَالَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِهٖٓ اَوْلِيَآءَ ۘ مَا نَعْبُدُهُمْ اِلَّا لِيُقَرِّبُوْنَآ اِلَى اللّٰهِ زُلْفٰى ۭ اِنَّ اللّٰهَ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ فِيْ مَا هُمْ فِيْهِ يَخْتَلِفُوْنَ ۭ اِنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِيْ مَنْ هُوَ كٰذِبٌ كَفَّارٌ ۝

Alaa lillaahid diinul khaalish, walladziinat takhadzuu min duunihii auliyaa-a maa na'buduhum illaa liyuqarribuuna ilallaahi zulfaa, innallaaha yahkumu bainahum fii maa hum fiihi yakhtalifuun, innallaaha laa yahdii man huwa kaadzibun kaffaar.

4. Upama Allah iku karsa mundhut putra, yekti milih saka titahe, endi sing dadi kaparenging karsaNe. Ananging Allah iku Maha Suci, PanjenengaNe Allah iku Dzat kang Suwiji tur kang Murba Wasesa!

٤ - لَوْ أَرَادَ اللّٰهُ أَنْ يَّتَّخِذَ وَلَدًا لَّاصْطَفٰى مِمَّا يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ ۚ سُبْحٰنَهٗ ۚ هُوَ اللّٰهُ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ۝

Lau araadallaahu ay-yattakhidza waladal lash-thafaa mimmaa yakhluqu maa ya-syaa-u subhaanah, huwallaahul waahidul qahhaar.

5. PanjenengaNe wus anitahake Langit-langit lan Bumi kalawan bener, lan nglebokake wengi menyang rina, lan nglebokake rina menyang wengi, lan wus ngereh Srengenge lan Rembulan, kabeh padha lumaku tekan mangsa kang wus katamtokake. Di eling! PanjenengaNe Allah iku kang Maha Mulya tur kang Maha Ngapura.

٥ - خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ ۚ يُكَوِّرُ الَّيْلَ عَلَى النَّهَارِ وَيُكَوِّرُ النَّهَارَ عَلَى الَّيْلِ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ۖ كُلٌّ يَّجْرِيْ لِأَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ أَلَا هُوَ الْعَزِيْزُ الْغَفَّارُ ۝

Khalaqas samaawaati wal ardha bilhaqq, yukawwirul laila 'alan nahaari wa yukawwirun nahaara 'alal laili wa sakhkharasy syamsa wal qamar, kulluy yajrii li-ajalim musammaa, alaa huwal 'aziizul ghaffaar.

6. PanjenengaNe wus nitahake sira kabeh saka badan siji, nuli saka badan siji mau PanjenengaNe nitahake jodhone. Lan maneh PanjenengaNe nurunake rajakaya kanggo sira kabeh wolung jodho. PanjenengaNe nitahake sira kabeh ana ing guwa garbane Biyungira! Kedadean sawuse dumadi, ana ing sajeroning pepeteng rangkep telu![870] Kang mangkono iku Allah Pangeranira kabeh, kang kagungan Karaton, ora ana Pangeran kajaba mung PanjenengaNe piyambak; nanging kepriye dene sira kabeh padha kablinger?

٦ - خَلَقَكُمْ مِّنْ نَّفْسٍ وَّاحِدَةٍ ثُمَّ جَعَلَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَأَنْزَلَ لَكُمْ مِّنَ الْأَنْعَامِ ثَمٰنِيَةَ أَزْوَاجٍ ۚ يَخْلُقُكُمْ فِيْ بُطُوْنِ أُمَّهٰتِكُمْ خَلْقًا مِّنْ بَعْدِ خَلْقٍ فِيْ ظُلُمٰتٍ ثَلٰثٍ ۚ ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ لَهُ الْمُلْكُ ۖ لَآ إِلٰهَ إِلَّا هُوَ ۚ فَأَنّٰى تُصْرَفُوْنَ ۝

Khalaqakum min nafsiw waahidatin tsumma ja'ala minhaa zaujahaa wa anzala lakum minal an'aami tsamaaniyata azwaaj, yakhluqukum fii buthuuni ummahaatikum khalqam mim ba'di khalqin fii zhulumaatin tsalaats, dzaalikumullaahu rabbukum lahul mulku, laa-ilaaha illaa huwa, fa-annaa tushrafuun.

870). Pepeteng rangkep tiga, maksudipun peteng salebeting padharan Ibu, peteng salebeting "kendhangan tipis, lan peteng salebeting rahim. Mirsanana buku "Teori ilmu kebidanan" dening Nyonya Dr.N.Stokvis Cohen Stuart, ing buku "Ilmu Perawatan Orang Sakit" II-B.

٧ - إِن تَكْفُرُوا فَإِنَّ اللَّهَ غَنِيٌّ عَنكُمْ وَلَا يَرْضَىٰ لِعِبَادِهِ الْكُفْرَ ۖ وَإِن تَشْكُرُوا يَرْضَهُ لَكُمْ ۗ وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۗ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُم مَّرْجِعُكُمْ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۚ إِنَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ

7. Manawa sira padha kafir, satemene Allah iku Maha Sugih sak sugih-sugihira kabeh. PanjenengaNe ora rila para kawulaNe padha kafir, dene manawa sira padha gelem syukur, PanjenengaNe ngrilani marang sira kabeh. Wong kang dosa ora bisa mikul dosaning liyan, banjur ana ngarsaNing Pangeranira sira kabeh bakale disowanake. PanjenengaNe nuli anjlentrehake marang sira kabeh laku kang padha sira tindakake, sanyata Allah iku Nguningani barang kang ana ing jeroning ati.

In takfuruu fa-innallaaha ghaniyyun 'ankum, walaa yardhaa li'ibaadihil kufra, wa-in tasykuruu yardhahu lakum, walaa taziru waaziratuw wizra ukhraa, tsumma ilaa rabbikum marji'ukum fayunabbi-ukum bimaa kuntum ta'maluuna innahuu 'aliimum bidzaatis shuduur.

٨ - وَإِذَا مَسَّ الْإِنسَانَ ضُرٌّ دَعَا رَبَّهُ مُنِيبًا إِلَيْهِ ثُمَّ إِذَا خَوَّلَهُ نِعْمَةً مِّنْهُ نَسِيَ مَا كَانَ يَدْعُو إِلَيْهِ مِن قَبْلُ وَجَعَلَ لِلَّهِ أَندَادًا لِّيُضِلَّ عَن سَبِيلِهِ ۚ قُلْ تَمَتَّعْ بِكُفْرِكَ قَلِيلًا ۖ إِنَّكَ مِنْ أَصْحَابِ النَّارِ

8. Dene manungsa nalikane kataman ing coba, dheweke banjur nyenyuwun marang Pangerane karo banget nggone dhedhepe. Sabanjure bareng kaparingan ni'mat saka ngarsaning Allah, wong iku banjur lali apa kang sadurunge disuwun-suwun ilange marang PanjenengaNe, dheweke banjur nganggep Allah kagungan sekuthu, satemah kesasar saka AgamaNe. Dhawuha sira Muhammad!: "Sira padha seneng-senenga sadhela! kalawan anggonira padha kafir jalaran sira iku digolongake ahli Neraka".

Wa idzaa massal insaana dhurrun da'aa rabbahuu muniiban ilaihi tsumma idzaa khawwalahuu ni'matam minhu nasiya maa kaana yad'uu ilaihi min qablu wa ja'ala lillaahi andaadal liyudhilla 'an sabiilih, qul tamatta' bikufrika qaliilaa, innaka min ash-haabin naar.

٩ - أَمَّنْ هُوَ قَانِتٌ آنَاءَ اللَّيْلِ سَاجِدًا وَقَائِمًا يَحْذَرُ الْآخِرَةَ وَيَرْجُو رَحْمَةَ رَبِّهِ ۗ قُلْ هَلْ يَسْتَوِي الَّذِينَ يَعْلَمُونَ وَالَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ ۗ إِنَّمَا يَتَذَكَّرُ أُولُو الْأَلْبَابِ

9. Apa wong kang ngabekti marang Allah ana ing wayah bengi, sujud lan ngadeg, tur kanthi rasa wedi ing siksa Akherat, lan ngarep-arep rahmating Pangerane, iku padha karo: wong kang ma'siyat lan kafir? Dhawuha sira muhammad!: "Apa padha wong kang mangerti, lan wong kang ora mangerti? Sanyata wong kang bisa ngalap pitutur iku mung wong kang padha duwe 'akal".

Amman huwa qaanitun aanaa-al laili saajidaw wa qaa-imay yahdzarul aakhirata wa yarjuu rahmata rabbihii qul hal yastawil ladziina ya'lamuuna walladziina laa ya'lamuun, innamaa yatadzakkaru ulul albaab.

Tata-tandhing antarane si Mu'min kalawan si kafir.

10. Muhammad sira dhawuha!: "He para kawulanIngsun kang padha iman, sira padha wedia marang Allah Pangeranira, wong kang padha becik tindake ana ing Donya iki bakal padha oleh ganjaran becik. Bumine Allah iku jembar, wus samesthine wong-wong kang padha sabar iku tetep bakal kaparingan ganjarane kang tanpa wilangan cacahe!".

١٠- قُلْ يٰعِبَادِ الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوْا رَبَّكُمْ ۗ لِلَّذِيْنَ اَحْسَنُوْا فِيْ هٰذِهِ الدُّنْيَا حَسَنَةٌ ۗ وَاَرْضُ اللّٰهِ وَاسِعَةٌ ۗ اِنَّمَا يُوَفَّى الصّٰبِرُوْنَ اَجْرَهُمْ بِغَيْرِ حِسَابٍ ۝

Qul yaa 'ibaadil ladziina aamanut taquu rabbakum, lilladziina ahsanuu fii haa-dzihid dun-yaa hasanah, wa ardhullaahi waasi'atun innamaa yuwaffash shaa-biriina ajrahum bighairi hisaab.

11. Sira dhawuha maneh: "Sanyata aku iki didhawuhi nyembah marang Allah, kanthi murnekake Agama panyembahku marang PanjenengaNe.

١١- قُلْ اِنِّيْٓ اُمِرْتُ اَنْ اَعْبُدَ اللّٰهَ مُخْلِصًا لَّهُ الدِّيْنَ ۝

Qul innii umirtu an a'budallaaha mukh-lishal lahud diin.

12. Lan kadhawuhan uga, supaya aku iki ngawiti dadi wong kang Islam sumarah ing Allah!

١٢- وَاُمِرْتُ لِاَنْ اَكُوْنَ اَوَّلَ الْمُسْلِمِيْنَ ۝

Wa umirtu li-an akuuna awwalal mus-limiin.

13. Sira dhawuha maneh: "Sanyata aku wedi ing siksaning Allah ana ing dina kang gedhe, manawa aku duraka, marang Allah Pangeranku".

١٣- قُلْ اِنِّيْٓ اَخَافُ اِنْ عَصَيْتُ رَبِّيْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيْمٍ ۝

Qul innii akhaafu in 'ashaitu rabbii 'adzaaba yaumin 'azhiim.

14. Sira dhawuha maneh: "Aku nyembah marang Allah piyambak, kanthi murnekake panyembahku marang PanjenengaNe".

١٤- قُلِ اللّٰهَ اَعْبُدُ مُخْلِصًا لَّهٗ دِيْنِيْ ۝

Qulillaaha a'budu mukhlishal lahuu diinii.

15. Sira padha nyembaha saliyane Allah, hiya sakarepira.[871] Sira dhawuha Muham mad: "Sanyata wong-wong kang padha kapitunan, yaiku kang padha nunakake awake dhewe lan brayate besuk ing dina Qiyamat. Di eling! kang mangkono iku tetela cetha kapitunan!".

١٥- فَاعْبُدُوْا مَا شِئْتُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ ۗ قُلْ اِنَّ الْخٰسِرِيْنَ الَّذِيْنَ خَسِرُوْٓا اَنْفُسَهُمْ وَاَهْلِيْهِمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ اَلَا ذٰلِكَ هُوَ الْخُسْرَانُ الْمُبِيْنُ ۝

871). Maksud pangandika punika Allah paring deduka dhateng titiyang mausyrik ingkang sampun makaping-kaping dipun ajak ing piwucal Tauhid boten nanggapi kajawi tansah ingkar.

Fa'buduu maa syi'tum min duunihii qul innal khaasiriinal ladziina khasiruu anfusahum wa ahliihim yaumal qiyaamati alaa dzaalika huwal khusraanul mubiin.

16. Sadhuwure wong iku ana eyub-eyube geni, lan sangisore uga ana eyub-eyube geni. Kang mangkono iku Allah meden-medeni marang para kawulaNe, kalawan pangandikaNe: "He para kawulanIngsun! sira padha wedia marang Ingsun!".

١٦ - لَهُمْ مِّن فَوْقِهِمْ ظُلَلٌ مِّنَ النَّارِ وَمِن تَحْتِهِمْ ظُلَلٌ ذَٰلِكَ يُخَوِّفُ اللَّهُ بِهِ عِبَادَهُ ۚ يَا عِبَادِ فَاتَّقُونِ ۝

Lahum min fauqihim zhulalum minan naari wamin tahtihim zhulal, dzaalika yukhawwiful laahu bihii 'ibaadahuu yaa 'ibaadi fattaquun.

17. Dene wong-wong kang padha ngedohi emoh nyembah brahala Taghut, lan dheweke padha dhedhepe ing Allah, temen wong-wong iku padha oleh bebungah. He Muhammad, sira ambebungaha kawulanIngsun.

١٧ - وَالَّذِينَ اجْتَنَبُوا الطَّاغُوتَ أَن يَعْبُدُوهَا وَأَنَابُوا إِلَى اللَّهِ لَهُمُ الْبُشْرَىٰ ۚ فَبَشِّرْ عِبَادِ ۝

Walladziinaj tanabuth thaaghuuta ayya'buduuhaa wa anaabuu ilallaahi lahumul busyraa, fabasyy r 'ibaad.

18. Yaiku wong-wong kang gelem ngrungokake pitutur banjur manut endi kang luwih becik. 872) Wong kang mangkono iku padha oleh pituduhe Allah, lan wong kang mangkono iku yaiku kang padha duwe 'akal.

١٨ - الَّذِينَ يَسْتَمِعُونَ الْقَوْلَ فَيَتَّبِعُونَ أَحْسَنَهُ ۚ أُولَٰئِكَ الَّذِينَ هَدَاهُمُ اللَّهُ ۖ وَأُولَٰئِكَ هُمْ أُولُو الْأَلْبَابِ ۝

Alladziina yastami'uunal qaula fayattabi'uuna ahsanah, ulaa-ikal ladziina hadaahumullaahu wa ulaa-ika hum ulul albaab.

19. Apa wong kang wus pinasthi tampa dhawuh siksaning Allah kacemplungake Neraka, apa sira bisa Muhammad nylametake wong mau saka Neraka?, mesthi ora bisa!

١٩ - أَفَمَنْ حَقَّ عَلَيْهِ كَلِمَةُ الْعَذَابِ ۚ أَفَأَنتَ تُنقِذُ مَن فِي النَّارِ ۝

Afaman haqqa 'alaihi kalimatul 'adzaab, afa-anta tunqidzu man finnaar.

20. Ananging wong kang padha wedi marang Pangerane, padha kaganjar omah panggung sungsun-sungsun, ing sangisore ana Bengawane kang mili, kang mangkono iku janjine Allah, Allah iku ora bakal nyulayani janji!

٢٠ - لَٰكِنِ الَّذِينَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ لَهُمْ غُرَفٌ مِّن فَوْقِهَا غُرَفٌ مَّبْنِيَّةٌ ۖ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۖ وَعْدَ اللَّهِ ۖ لَا يُخْلِفُ اللَّهُ الْمِيعَادَ ۝

872). Artosipun titiyang wau sami mirengaken piwucal warni-warni, ugi mirengaken piwucal Quraan; piyambakipun milih ingkang langkung sae, inggih punika piwucal Quraan, lan piwucal umum ingkang boten nyulayani piwucal Quraan utawi anggesehi Agami.

Laakinil ladziinat taqau rabbahum lahum ghurafum min fauqihaa ghurafum mabniyyatun tajrii min tahtihal anhaar, wa'dallaahi laa yukhlifullaahul mii'aad.

21. Apa sira durung sumurup yen sanyata Allah iku nurunake banyu udan saka ing Langit, banyu mau banjur ngetuk ana sajeroning Bumi, nuli kalawan banyu iku PanjenengaNe nukulake tetanduran kang mawarna-warna; tetanduran mau banjur owah, sira sumurup garing nglingking katon kuning, nuli kadadekake ajur! Sanyata kang kaya mangkono iku sayekti dadi pepeling marang wong kang duwe 'akal. 873)

٢١. أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ أَنْزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَسَلَكَهُ
يَنَابِيعَ فِي الْأَرْضِ ثُمَّ يُخْرِجُ بِهِ زَرْعًا مُخْتَلِفًا
أَلْوَانُهُ ثُمَّ يَهِيجُ فَتَرَاهُ مُصْفَرًّا ثُمَّ يَجْعَلُهُ
حُطَامًا إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَذِكْرَىٰ لِأُولِي الْأَلْبَابِ ۝

Alam tara annallaaha anzala minas samaa-i maa-an fasalakahuu yanaabii'a fil ardhi tsumma yakhruju bihii zar'am mukhtalifan alwaanuhuu tsumma yahiiju fataraahu mushfarran tsumma yaj'aluhuu huthaamaa, inna fii dzaalika ladzikraa li-ulil albaab.

22. Wong kang atine wus binuka dening Allah mangerti Agama Islam, tur wong mau ana ing papadhanging pituduh saka Pangerane, 874) apa wong kang mangkono iku padha karo wong kang di-cap atine? Cilaka wong kang atine atos kanggo eling ing Allah, wong-wong mau tetela anggone padha sasar.

٢٢. أَفَمَن شَرَحَ اللَّهُ صَدْرَهُ لِلْإِسْلَامِ فَهُوَ عَلَىٰ نُورٍ
مِّن رَّبِّهِ ۚ فَوَيْلٌ لِّلْقَاسِيَةِ قُلُوبُهُم مِّن ذِكْرِ اللَّهِ ۚ
أُولَٰئِكَ فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ۝

Afaman syarahal-laahu shadrahuu lil-Islaami fahuwa 'alaa nuurim mir-rabbih, fawailul lil-qaasiyati quluubuhum min dzikrillaah, ulaa-ika fii dhalaalim mubiin.

23. Allah wus nurunake becik-beciking Sabda pangandika, yaiku Kitab Al Quraan kang sarupa ayate, padha-padha becik Ayate, rinakit ngloro-ngloro, 875) yaiku pangebang lan pangancam, parintah lan cegah, bebungah lan memedeni, kang marakake anjengkerut

٢٣. اللَّهُ نَزَّلَ أَحْسَنَ الْحَدِيثِ كِتَابًا مُّتَشَابِهًا مَّثَانِيَ
تَقْشَعِرُّ مِنْهُ جُلُودُ الَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ ثُمَّ تَلِينُ
جُلُودُهُمْ وَقُلُوبُهُمْ إِلَىٰ ذِكْرِ اللَّهِ ۚ ذَٰلِكَ هُدَى

873). Toya menggahing ngagesang kalebet bahan energi, ingkang sakalangkung penting, ananging ugi kadhang kala dados sabab karisakan inggih punika banjir bandhang, utawi toya atusan meter kubik campur lava asrep medhak saking Redi latu. Ewa samanten eloking titah, ingkang medhak wau dados rabuk nyuburaken tanem tuwuh.

874). Tiyang ingkang tinarbuka manahipun saged mangertosi, ngamalaken, lan anglinani estu piwucal Islam, punika wonten titikanipun. Inggih punika saged nampi sarana dhedhasar kawruh lan ilmi, nyinau Syari'at Islam saking baboning sumber Hukum (Quraan, Hadist, Ijma' lan Qiyas). Pramila tiyang ingkang kasinungan ilmu syari'at Islam wajib mulang-muruk tiyang 'awam ingkang dereng utawi kirang mangertos wajib marsudi ing kawruh Syari'at Islam. Sumonggo para sutrisna katindakna! Insya Allah pinaringan gampil nampi piwucal Islam, Amin!

875). Tetembungan "matsaani" dipun Jarwekaken rinakit ngloro-ngloro utawi rinakit wongsal-wangsul. Ingkang maksudipun bilih Quraan punika isi piwucal tauhid, hukum syari'at, hikmah (sanepan), sejarah, do'a, musyawarah (demokrasi), ta'at (disiplin) ing pimpinan (pamarentah pilihan), kabudayan, sosialisasi, politik, ekonomi, perang, dhame, sapiturutipun. Piwucal wau

(mrinding) kulite wong-wong kang wedi marang PangeraNe. Sabanjure kulite dadi lemes, atine empuk, eling marang Allah. Kang mangkono iku pituduhe Allah, kaparingake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe. Dene wong kang disasarake dening Allah iku ora ana kang bisa nuduhake.

اللّٰهِ يَهْدِىْ بِهٖ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ هَادٍ ۝

llaahu nazzala ahsanal hadiitsi kitaabam mutasyaabiham matsaaniya taqsya'irru minhu juluudul ladziina yakhsyauna rabbahum, tsumma taliinu juluuduhum wa quluubuhum ilaa dzikrillaahi, dzaalika hudallaahi yahdii bihii may yasyaa', wamay yudhlilillaahu famaa lahuu min haad.

24. Apa wong kang tetameng (rumeksa) saka ala-alaning siksa besuk ing dina Qiyamat, iku padha karo wong zhalim kang mesthi kacemplung ing Neraka? Didhawuhake marang wong kang nganiaya: "Sira padha ngicipana piwalese panggawe kang wus padha sira tindakake".

٢٤ - اَفَمَنْ يَّتَّقِىْ بِوَجْهِهٖ سُوْٓءَ الْعَذَابِ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ وَقِيْلَ لِلظّٰلِمِيْنَ ذُوْقُوْا مَا كُنْتُمْ تَكْسِبُوْنَ ۝

Afamay yattaqii biwajhihii suu-al 'adzaabi yaumal qiyaamah, wa qiila lizhzhaalimiina dzuuquu maa kuntum taksibuun.

25. Wong-wong kang sadurunge kafir Mekkah wus padha maido, ing kono banjur katempuh ing siksa, kang ndadak ora padha weruh tekane.

٢٥ - كَذَّبَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَاَتٰىهُمُ الْعَذَابُ مِنْ حَيْثُ لَا يَشْعُرُوْنَ ۝

Kadzdzabal ladziina min qablihim fa-ataahumul 'adzaabu min haitsu laa yasy'uruun.

26. Allah banjur ngicipake marang wong iku asor ana ing panguripan Donya, lan temenan siksa Akherat iku luwih gedhe, manawa dheweke padha mangerti.

٢٦ - فَاَذَاقَهُمُ اللّٰهُ الْخِزْيَ فِى الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَلَعَذَابُ الْاٰخِرَةِ اَكْبَرُ ۘ لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ۝

Fa-adzaaqa humullaahul khizya fil hayaatid dun-yaa wa la'adzaabul aakhirati akbaru lau kaanuu ya'lamuun.

27. Yekti temen-temen Ingsun wus ndamel kabeh sanepan ing Quraan iki kanggo para manungsa, supaya dheweke padha gelem ngalap pepeling.

٢٧ - وَلَقَدْ ضَرَبْنَا لِلنَّاسِ فِىْ هٰذَا الْقُرْاٰنِ مِنْ كُلِّ مَثَلٍ لَّعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُوْنَ ۝

---

anggenipun sami nyebataken dipun wongsal-wangsuli, supados pangertosanipun lebet sarta nabet ing manah, utawi supados saged konstruktif effektif lan positif. Langkung-langkung ingkang magepokan kasampurnaning budi-pekerti, amal shaleh, 'ibadah, sarta sepeketing bebrayan, lung-tinulung, gendhon rukon saiyeg saeka-praya ing babagan ekonomi, kabudayan, sosial lan agami!

Pramila sumonggo para sutrisna, kula aturi sering maos Quraan, ingkang sareh, las-lasan. Lajeng kapanggaliha suraosipun, ing mangke badhe tuwuh kawigatosan ilmi-ilmi sosial lan eksakta ing salebeting Quraan. Mugi-mugi Gusti Allah paring hidayah lan taufik dhumateng para maos, amin!

Walaqad dharabnaa linnaasi fii haadzal qur-aani min kulli matsalil la'allahum yatadzakkaruun.

28. Al Quraan katurunake sarana basa Arab, kang ora ana mencenge, supaya dheweke padha taqwa marang Allah.

٢٨. قُرْاٰنًا عَرَبِيًّا غَيْرَ ذِيْ عِوَجٍ لَّعَلَّهُمْ يَتَّقُوْنَ ۝

Qur'aanan 'arabiyyan ghaira dzii 'iwajil la'allahum yattaquun.

29. Allah wus andamel 'ibarat! Sawijining wong kinawulakake bendara akeh, bendarane tansah padha pasulayan, iku 'ibarate wong musyrik, lan ana maneh wong mligi mung kinawulakake bendara siji, iku 'ibarat wong Mu'min; apa padha sanepane wong loro mau? Yekti ora padha! Ana dene sakabehing puji iku kagungaNe Allah, ananging akeh-akehe wong ora padha mangerti.

٢٩. ضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا رَّجُلًا فِيْهِ شُرَكَآءُ مُتَشٰكِسُوْنَ وَرَجُلًا سَلَمًا لِّرَجُلٍ هَلْ يَسْتَوِيٰنِ مَثَلًا ۭ اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ ۭ بَلْ اَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Dharaballaahu matsalar rajulan fiihi syurakaa-u mutasyaakisuuna wa rajulan salamal lirajulin hal yastawiyaani matsalaa, alhamdu lillaah, bal aktsaruhum laa ya'lamuun.

30. Satemene sira Muhammad! iku bakal mati, lan satemene wong-wong kafir iku uga bakal padha mati.

٣٠. اِنَّكَ مَيِّتٌ وَّاِنَّهُمْ مَّيِّتُوْنَ ۝

Innaka mayyituw wa innahum mayyituun.

31. Tumuli sira kabeh bakal padha padudon ing besuk dina Qiyamat ana ing ngarsaNe Pangeranira!

٣١. ثُمَّ اِنَّكُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ عِنْدَ رَبِّكُمْ تَخْتَصِمُوْنَ ۝ ع

Tsumma innakum yaumal qiyaamati 'inda rabbikum takhtashimuun.

JUZ 24

Wong kafir bakal kapatrapan siksa Neraka, dene wong kang nindakake amal shaleh bakal nemu kabegjanjati.

32. Sapa ta wong kang luwih nganiaya ngungkuli wong kang gawe gegorohan ing ngarsane Allah sarta anggorohake marang kabeneran yaiku Quraan, nalika nekani dheweke. Apa ora wus samesthine Neraka Jahanam iku panggonane wong kafir?

٣٢. فَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنْ كَذَبَ عَلَى اللّٰهِ وَكَذَّبَ بِالصِّدْقِ اِذْ جَآءَهٗ ۭ اَلَيْسَ فِيْ جَهَنَّمَ مَثْوًى لِّلْكٰفِرِيْنَ ۝

Faman azhlamu mimman kadzdzaba 'alallaahi wa kadzdzaba bish-shidqi idz jaa-ahuu alaisa fii jahannama matswal lil kaafiriin.

33. Dene wong kang teka kanthi nggawa kabeneran, yaiku Muhammad, lan kang ngestokake kabeneran mau, yaiku wong kang Mu'min, wong kang mangkono mau kang padha taqwa ing Allah.

٣٣. وَالَّذِي جَاءَ بِالصِّدْقِ وَصَدَّقَ بِهِ أُولَٰئِكَ هُمُ الْمُتَّقُونَ ۝

Walladzii jaa-a bish-shidqi wa shaddaqa bihii ulaa-ika humul muttaquun.

34. Ana ing ngarsaning Pangerane wong-wong mau padha diturut apa sakarepe, lan kang mangkono iku ganjarane piwalese wong kang tumindak becik.

٣٤. لَهُمْ مَا يَشَاءُونَ عِندَ رَبِّهِمْ ۚ ذَٰلِكَ جَزَاءُ الْمُحْسِنِينَ ۝

Lahum maa yasyaa-uuna 'inda rabbihim dzaalika jazaa-ul muhsiniin.

35. Allah bakal nutupi 'amale kang ala wong iku, lan PanjenengaNe bakal maringi ganjarane 'amal luwih becik tinimbang karo 'amale kang wus padha ditindakake.

٣٥. لِيُكَفِّرَ اللَّهُ عَنْهُمْ أَسْوَأَ الَّذِي عَمِلُوا وَيَجْزِيَهُمْ أَجْرَهُم بِأَحْسَنِ الَّذِي كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Liyukaffiral-laahu 'anhum aswa-alladzii 'amiluu wa yajziyahum ajrahum bi-ahsanilladzii kaanuu ya'maluun.

36. Apa dudu Allah Kang wus nyukupi kawulaNe Muhammad iku? Lan wong-wong kafir padha meden-medeni sira Muhammad marang para PangeranE Kang saliyane Allah. Sing sapa disasarake Allah, mangka wong mau ora ana kang bisa nuduhake.

٣٦. أَلَيْسَ اللَّهُ بِكَافٍ عَبْدَهُ ۖ وَيُخَوِّفُونَكَ بِالَّذِينَ مِن دُونِهِ ۚ وَمَن يُضْلِلِ اللَّهُ فَمَا لَهُ مِنْ هَادٍ ۝

Alaisallaahu bikaafin 'abdahuu wa yu-khawwifuunaka billadziina min duunihii wamay yudhlilillaahu famaa lahuu min haad.

37. Lan sing sapa dituduhake dening Allah, ora ana wong kang bisa nyasarake. Apa Allah iku dudu Dzat kang Maha Muiya tur Kagungan siksa?

٣٧. وَمَن يَهْدِ اللَّهُ فَمَا لَهُ مِن مُّضِلٍّ ۗ أَلَيْسَ اللَّهُ بِعَزِيزٍ ذِي انتِقَامٍ ۝

Wamay yahdillaahu famaa lahuu mim mudhillin alaisallaahu bi'aziizin dzin-tiqaam.

Wong Mu'min iku mung tawakkal marang ngarsaning Allah.

38. Lan manawa sira Muhammad pitakon marang wong kafir: "Sapa kang nitahake Langit lan Bumi". Wong-wong mau mesthi ngucap: "Allah". Dhawuha sira Muhammad: "Aku weruhna sesembahanira saliyane Allah, manawa Allah ngarsakake mlarat marang

٣٨. وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ اللَّهُ ۚ قُلْ أَفَرَأَيْتُم مَّا تَدْعُونَ مِن دُونِ اللَّهِ إِنْ أَرَادَنِيَ اللَّهُ بِضُرٍّ هَلْ هُنَّ كَاشِفَاتُ

aku, apa dheweke bisa ngilangi kamlaratane awakku? Utawa, manawa PanjenengaNe karsa paring rahmat marang aku, apa dheweke bisa nyegah rahmate Allah mau?". Dhawuha sira: "Allah wus nyukupi marang aku, wong kang tawakkal banjur padha pasrah marang PanjenengaNe".

ضُرِّهٖٓ اَوْ اَرَادَنِيْ بِرَحْمَةٍ هَلْ هُنَّ مُمْسِكٰتُ رَحْمَتِهٖ ۭ قُلْ حَسْبِيَ اللّٰهُ ۭ عَلَيْهِ يَتَوَكَّلُ الْمُتَوَكِّلُوْنَ ۝

Wala-in sa-altahum man khalaqas samaawaati wal ardha layaquulunnal-laah, qul afara-aitum maa tad'uuna min duunillaahi in araadaniyallaahu bidhurrin hal hunna kaasyifaatu dhurrihii au araadanii birahmatin hal hunna mumsikaatu rahmatih, qul hasbiyallaahu 'alaihi yatawakkalul mutawakkiliin.

39. Dhawuha sira Muhammad: "He kaumku! sira padha tumindaka miturut kahananira dhewe, aku uga bakal tumindak. Ing tembe sira bakal padha sumurup dhewe kedadeyane.

٣٩۔ قُلْ يٰقَوْمِ اعْمَلُوْا عَلٰي مَكَانَتِكُمْ اِنِّىْ عَامِلٌ ۚ فَسَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ۙ

Qul yaa qaumi'maluu 'alaa makaanatikum innii 'aamil, fasaufa ta'lamuun.

40. Sapa kang bakal katempuh dening siksa kang ngasorake, lan kapatrapan siksa kang langgeng.

٤٠۔ مَنْ يَّاْتِيْهِ عَذَابٌ يُّخْزِيْهِ وَيَحِلُّ عَلَيْهِ عَذَابٌ مُّقِيْمٌ ۝

May ya'tiihi 'adzaabuy yukhziihi wa yahillu 'alaihi 'adzaabum muqiim.

41. Temen Ingsun wus nurunake Kitab Al Quraan, isi pituduh bener marang sira Muhammad, kanggo para manungsa! Sing sapa gelem ngalap pituduh, migunani tumrap awake dhewe, lan sing sapa sasar mangka satemene dheweke nyasarake awake dhewe. Lan sira Muhammad, ora dipasrahi supaya ngreksa (tanggung jawab) marang wong iku kabeh.

٤١۔ اِنَّآ اَنْزَلْنَا عَلَيْكَ الْكِتٰبَ لِلنَّاسِ بِالْحَقِّ ۚ فَمَنِ اهْتَدٰى فَلِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ ضَلَّ فَاِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۚ وَمَآ اَنْتَ عَلَيْهِمْ بِوَكِيْلٍ ۝

Innaa anzalnaa 'alaikal kitaaba linnaasi bilhaqqi famanihtadaa falinafsih, wa man dhalla fa-innamaa yadhillu 'alaihaa, wamaa anta 'alaihim biwakiil.

Syafa'at iku mung ana astaning Allah piyambak.

42. Allah mundhut nyawane awak nalikane awak iku mati, lan ngasta nyawane awak kang durung mati nalika turu. PanjenengaNe nuli nahan nyawa kang wus pinasthi mati, sarta nglepasake nyawa liyane nganti tumeka ing waktu kang wus katamtokake. Satemene kang mangkono iku dadi tandha yekti kanggo wong-wong kang gelem mikir.

٤٢۔ اَللّٰهُ يَتَوَفَّى الْاَنْفُسَ حِيْنَ مَوْتِهَا وَالَّتِيْ لَمْ تَمُتْ فِيْ مَنَامِهَا ۚ فَيُمْسِكُ الَّتِيْ قَضٰى عَلَيْهَا الْمَوْتَ وَيُرْسِلُ الْاُخْرٰٓى اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ۭ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ ۝

Allahu yatawaffal anfusa hiina mautihaa wallatii lam tamut fii manaamihaa, fayumsikul latii qadhaa 'alaihal mauta wa yursilul ukhraa ilaa ajalim musammaa, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yatafakkaruun.

٤٣. أَمِ اتَّخَذُوا مِن دُونِ اللَّهِ شُفَعَاءَ ۚ قُلْ أَوَلَوْ كَانُوا لَا يَمْلِكُونَ شَيْئًا وَلَا يَعْقِلُونَ ۝

43. Ananging wong-wong kafir padha nganggep saliyane Allah dadi juru nyafa'ati, 876) kang bisa nyuwun pitulungan marang Allah. Dhawuha sira: "Apa sanajan dheweke ora duwe apa-apa, lan ora duwe 'akal, apa iya dianggep dadi juru syafa'at?".

Amit-takhadzuu min duunillaahi syufa'aa-a qul awalau kaanuu laa yamlikuuna syai-aw walaa ya'qiluun.

٤٤. قُل لِّلَّهِ الشَّفَاعَةُ جَمِيعًا ۖ لَّهُ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ثُمَّ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ۝

44. Sira dhawuha maneh: "Sakabehing syafa'at iku mung kagungane Allah piyambak. Allah kang kagungan Karatoning Langit lan Bumi, nuli mung marang ngarsane Allah sira kabeh bakal padha disowanake".

Qul lillaahisy syafaa'atu jamii'aa, lahuu mulkus samaawaati wal ardhi, tsumma ilaihi turja'uun.

٤٥. وَإِذَا ذُكِرَ اللَّهُ وَحْدَهُ اشْمَأَزَّتْ قُلُوبُ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِالْآخِرَةِ ۖ وَإِذَا ذُكِرَ الَّذِينَ مِن دُونِهِ إِذَا هُمْ يَسْتَبْشِرُونَ ۝

45. Lan nalikane Allah piyambak disebut, atine wong-wong kang ora iman marang Akherat padha anyel, lan nalikane Pangeran sesembahan saliyane Allah disebut, ing kono wong-wong mau padha bungah.

Wa idzaa dzukirallaahu wahdahusy maazzat quluubul ladziina laa yu'minuuna bil aakhirati wa idzaa dzukiral ladziina min duunihii idzaa hum yastabsyiruun.

٤٦. قُلِ اللَّهُمَّ فَاطِرَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ عَالِمَ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ أَنتَ تَحْكُمُ بَيْنَ عِبَادِكَ فِي مَا كَانُوا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۝

46. Muhammad, sira andedongaa mangkene: "Dhuh Allah ingkang nitahaken Langit lan Bumi, Dzat ingkang Nguningani barang ghaib tuwin barang ingkang ngedheng, Paduka ingkang badhe ngukumi ing antawisipun para kawula Paduka, tumrap prakawis ingkang sami dipun angge pasulayan!

Qulillaahumma faathiris samaawaati wal ardhi 'aalimil ghaibi wasysyahaadati anta tahkumu baina 'ibaadika fii maa kaanuu fiihi yakhtalifuun.

٤٧. وَلَوْ أَنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا مَا فِي الْأَرْضِ جَمِيعًا وَمِثْلَهُ مَعَهُ لَافْتَدَوْا بِهِ مِن سُوءِ الْعَذَابِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۖ وَبَدَا لَهُم مِّنَ اللَّهِ مَا لَمْ يَكُونُوا يَحْتَسِبُونَ ۝

47. Lan saupama wong-wong kang padha nganiaya iku kang ndarbeni kabeh barang isen-isening Bumi, ditambah samono maneh, yekti dheweke padha nebus awake, nganggo barang darbeke mau marga saka alaning siksa ing besuk dina Qiyamat, lan wus pratela kanggo dheweke siksa saka ngarsaNe Allah kang maune ora dikirak-kirakake!

876). Dados tiyang kafir nyembah brahala punika maksudipun ngalap berkah syafa'at(pangapunten utawi pitulungan), utawi brahala wau dados lantaran, makaten piyandelipun tiyang kafir.

Walau anna lilladziina zhalamuu maa fil ardhi jamii'aw wa mitslahuu ma'ahuu laftadau bihii min suu-il 'adzaabi yaumal qiyaamah, wabadaa lahum minallaahi maa lam yakuunuu yahtasibuun.

48. Lan uga pratela akibate marang dheweke, laku ala kang wus ditindakake, dheweke banjur dilimputi piwales siksa kang biyen padha nggeguyu.

٤٨. وَبَدَا لَهُمْ سَيِّئَاتُ مَا كَسَبُوا وَحَاقَ بِهِمْ مَا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِءُونَ ۝

Wa badaa lahum sayyi-aatu maa kasabuu wa haaqa bihim maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

Salah sijine sifating manungsa kang ala.

49. Dene manawa manungsa iku kataman susah (bebaya) nuli nyenyuwun marang Ingsun, sabanjure manawa Sun ganti ni'mat, nuli ngucap: "Satemene aku diparingi ni'mat jalaran saka kapinteranku dhewe". Pangandikane Allah: "Satemene iku mung coba, ananging akeh-akehe manungsa ora padha mangerti".

٤٩. فَإِذَا مَسَّ الْإِنسَانَ ضُرٌّ دَعَانَا ثُمَّ إِذَا خَوَّلْنَاهُ نِعْمَةً مِّنَّا قَالَ إِنَّمَا أُوتِيتُهُ عَلَىٰ عِلْمٍ ۚ بَلْ هِيَ فِتْنَةٌ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Fa-idzaa massal insaana dhurrun da'aanaa tsumma idzaa khawwalnaahu ni'matam minnaa qaala innamaa uutiituhuu 'alaa 'ilmin bal hiya fitnatuw walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

50. Temen ucapan mau wus diucapake dening wong-wong jaman biyen sadurunge dheweke, mulane ora migunani reka daya ne kang padha dilakoni nyrempeng.

٥٠. قَدْ قَالَهَا الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَمَا أَغْنَىٰ عَنْهُم مَّا كَانُوا يَكْسِبُونَ ۝

Qad qaalahal ladziina min qablihim famaa aghnaa 'anhum maa kaanuu yaksibuun.

51. Wong-wong mau banjur nampa siksa akibat-sengsara iku wis satrepe sabab saka tumindake, lan saweneh dheweke kang padha nganiaya mesthi mikul akibat-sengsara iku jalaran saka polah-tingkahe kang ala, sarta ora padha bisa uwal saka akibat iku.

٥١. فَأَصَابَهُمْ سَيِّئَاتُ مَا كَسَبُوا ۚ وَالَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْ هَٰؤُلَاءِ سَيُصِيبُهُمْ سَيِّئَاتُ مَا كَسَبُوا وَمَا هُم بِمُعْجِزِينَ ۝

Fa-ashaabahum sayyi-aatu maa kasabuu, walladziina zhalamuu min haa-ulaa-i sayushiibuhum sayyi-aatu maa kasabuu wamaa hum bimu'jiziin.

Mung Allah piyambak kang namtokake qadar rezeki ing kawulaNe.

52. Lan apa dheweke ora padha mangerti manawa mung Allah piyambak kang paring rezeki jembar lan rupak marang sapa bae kang dadi kaparenging karsaNe? Sanyata

٥٢. أَوَلَمْ يَعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَن يَشَاءُ وَيَقْدِرُ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ۝

kang mangkono iku dadi tandha yekti tumrap wong-wong kang padha iman.

Awalam ya'lamuu annallaaha yabsuthur rizqa limay yasyaa-u wa yaqdir, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yu'minuun.

53. Dhawuha sira Muhammad: "He para kawulanIngsun! kang padha leluwihan tindake marang awake (dosa), sira aja entek pangarep-arep ing rahmat peparinging Allah, sanyata Gusti Allah iku kapareng Ngapura kabeh dosa, satemene PanjenengaNe iku rena paring Pangapura tur Maha Asih.

٥٣. قُلْ يٰعِبَادِيَ الَّذِيْنَ اَسْرَفُوْا عَلٰٓى اَنْفُسِهِمْ لَا تَقْنَطُوْا مِنْ رَّحْمَةِ اللّٰهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ يَغْفِرُ الذُّنُوْبَ جَمِيْعًا ۗ اِنَّهٗ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ ۝

Qul yaa 'ibaadiyal ladziina asrafuu 'alaa anfusihim laa taqnathuu mir rahmatillaah, innallaaha yaghfirudz dzunuuba jamii'aa, innahuu huwal ghafuurur rahiim.

54. Lan sira padha dhedhepea marang Allah Pangeranira, lan padha sumaraha marang PanjenengaNe, sadurunge sira katekanan siksa, nuli ora bisa ditulungi.

٥٤. وَاَنِيْبُوْٓا اِلٰى رَبِّكُمْ وَاَسْلِمُوْا لَهٗ مِنْ قَبْلِ اَنْ يَّاْتِيَكُمُ الْعَذَابُ ثُمَّ لَا تُنْصَرُوْنَ ۝

Wa aniibuu ilaa rabbikum wa aslimuu lahuu min qabli ay ya'tiyakumul 'adzaabu tsumma laa tunsharuun.

55. Lan sira padha manuta marang barang kang luwih becik, yaiku Wahyu kang diturunake marang sira kabeh, terang saka ngarsaNe Pangeranira, sadurunge sira katekan siksa kalawan ngeget, ing mangka sira ora padha rumangsa (eling)".

٥٥. وَاتَّبِعُوْٓا اَحْسَنَ مَآ اُنْزِلَ اِلَيْكُمْ مِّنْ رَّبِّكُمْ مِّنْ قَبْلِ اَنْ يَّاْتِيَكُمُ الْعَذَابُ بَغْتَةً وَّاَنْتُمْ لَا تَشْعُرُوْنَ ۝

Wattabi'uu ahsana maa unzila ilaikum mir rabbikum min qabli ay ya'tiyakumul 'adzaabu baghtataw wa antum laa tasy'uruun.

56. Aja nganti para manungsa banjur ngucap: "Adhuh getun banget aku! dene aku nglirwakake anggonku ta'at ngluhurake Agamaning Allah, aku wus kalebu golongane wong-wong kang nyepelekake Agamaning Allah".

٥٦. اَنْ تَقُوْلَ نَفْسٌ يّٰحَسْرَتٰى عَلٰى مَا فَرَّطْتُّ فِيْ جَنْۢبِ اللّٰهِ وَاِنْ كُنْتُ لَمِنَ السّٰخِرِيْنَ ۝

An taquula nafsuy yaa hasrataa 'alaa maa farrath-tu fii jambillaahi wa-in kuntu laminas saakhiriin.

57. Utawa aja ana wong kang ngucap: "Saupama Allah paring pituduh marang aku, yekti aku dadi golongane wong kang taqwa ing Allah".

٥٧. اَوْ تَقُوْلَ لَوْ اَنَّ اللّٰهَ هَدٰىنِيْ لَكُنْتُ مِنَ الْمُتَّقِيْنَ ۝

Au taquula lau annallaaha hadaanii lakuntu minal muttaqiin.

58. Utawa aja ana wong bareng weruh dhewe siksa, banjur ngucap: "Saupama aku bisa bali urip ana ing Donya maneh, yekti aku dadi golongane wong kang padha becik tumindake".

٥٨. اَوْ تَقُوْلَ حِيْنَ تَرَى الْعَذَابَ لَوْ اَنَّ لِيْ كَرَّةً فَاَكُوْنَ مِنَ الْمُحْسِنِيْنَ ۝

Au taquula hiina taral 'adzaaba lau anna lii karratan fa-akuuna minal muhsiniin.

59. Ora mangkono! sabenere katerangan-kateranganIngsun wus teka marang sira kabeh, nuli sira padha anggorohake, lan sira umuk, sarta sira wus dadi golongane wong kafir.

٥٩- بَلٰى قَدْ جَآءَتْكَ اٰيٰتِىْ فَكَذَّبْتَ بِهَا وَاسْتَكْبَرْتَ وَكُنْتَ مِنَ الْكٰفِرِيْنَ ٥

Balaa qad jaa-atka aayaatii fakadzdzabta bihaa wastakbarta wa kunta minal kaafiriin.

Nyata beda antarane wong kang taqwa ing Allah lan wong kafir kang anggorohake Agama.

60. Ing besuk dina Qiyamat, sira Muhammad sumurup wong-wong kang laku duraka (kafir) ing Agamaning Allah, raine padha katon ireng thuntheng. Apa wus ora samesthine Neraka Jahanam iku dadi pangungsene wong-wong kang padha gumedhe?

٦٠- وَيَوْمَ الْقِيٰمَةِ تَرَى الَّذِيْنَ كَذَبُوْا عَلَى اللّٰهِ وُجُوْهُهُمْ مُّسْوَدَّةٌ ۭ اَلَيْسَ فِىْ جَهَنَّمَ مَثْوًى لِّلْمُتَكَبِّرِيْنَ ٥

Wa yaumal qiyaamati taral ladziina kadzabuu 'alallaahi wujuuhuhum muswaddah, alaisa fii jahannama matswal lil mutakabbiriin.

61. Lan Allah nylametake marang wong-wong kang padha taqwa, kanthi kaparingan kabegjan-jati, dheweke ora bakal kapatrapan siksa lan ora bakal padha susah.

٦١- وَيُنَجِّى اللّٰهُ الَّذِيْنَ اتَّقَوْا بِمَفَازَتِهِمْ ۚ لَا يَمَسُّهُمُ السُّوْٓءُ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ٥

Wa yunajjillaahul ladziinat taqau bimafaazatihim laa yamassuhumus suu-u wa laa hum yahzanuun.

62. Allah kang nitahake kabeh barang, lan PanjenengaNe kang ngreksa kabeh barang titahe.

٦٢- اَللّٰهُ خَالِقُ كُلِّ شَىْءٍ ۡ وَّهُوَ عَلٰى كُلِّ شَىْءٍ وَّكِيْلٌ ٥

Allaahu khaaliqu kulli syai-iw wahuwa 'alaa kulli syai-iw wakiil.

63. PanjenengaNe kang ngasta kunci-kunci gedhonging Langit lan Bumi, lan wong-wong kang padha kafir ing Ayat-ayating Allah iku kang padha rugi.

٦٣- لَهٗ مَقَالِيْدُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۭ وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ اُولٰۗىِٕكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ٦٤ ٥

Lahuu maqaaliidus samaawaati wal ardh, walladziina kafaruu bi-aayaatillaah ulaaika humul khaasiruun.

Katerangan Allah iku kang Murbawasesa besuk dina Qiyamat.

64. Muhammad sira dhawuha!: "Ketemu pirang perkara he sira wong kang bodhobodho, padha marentah marang aku supaya nyembah marang saliyane Allah?".

٦٤- قُلْ اَفَغَيْرَ اللّٰهِ تَاْمُرُوْٓنِّىْٓ اَعْبُدُ اَيُّهَا الْجٰهِلُوْنَ ٥

Qul afaghairal laahi ta'muruunnii a'budu ayyuhal jaahiluun.

٦٥- وَلَقَدْ أُوحِيَ إِلَيْكَ وَإِلَى الَّذِينَ مِن قَبْلِكَ لَئِنْ أَشْرَكْتَ لَيَحْبَطَنَّ عَمَلُكَ وَلَتَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ ۝

65. Lan temen wus kawahyokake marang sira Muhammad, lan marang para Rasul sadurungira, manawa sira nyakuthokake Pangeran (musyrik), yekti lebur 'amalira, lan yekti sira dadi golongane wong-wong kang padha rugi!

Walaqad uuhiya ilaika wa ilal ladziina min qablika, la-in asyrakta layahbathanna 'amaluka walatakuunanna minal khaasiriin.

٦٦- بَلِ اللَّهَ فَاعْبُدْ وَكُن مِّنَ الشَّاكِرِينَ ۝

66. Balik sira padha nyembaha ing Allah piyambak, lan sira dadiya golongane wong kang padha syukur.

Balillaaha fa'buduu wa kum minasy syaakiriin.

٦٧- وَمَا قَدَرُوا اللَّهَ حَقَّ قَدْرِهِ وَالْأَرْضُ جَمِيعًا قَبْضَتُهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ وَالسَّمَاوَاتُ مَطْوِيَّاتٌ بِيَمِينِهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ۝

67. Dheweke si kafir iku ora padha ngegungake Allah kalawan samesthining KaagungaNe. Ing besuk dina Qiyamat, Bumi iku Ingsun kepel kabeh bae, sarta Langit-langit Ingsun gulung kalempit kalawan asta tengen. Allah iku kang Maha Suci, lan Maha Suci, lan Maha Luhur saka brahala kang padha dianggep sakuthune.

Wamaa qadarullaaha haqqa qadrihii wal ardhu jamii'an qabdhatuhuu yaumal qiyaamati wassamaawaatu mathwiyyaatum biyamiihihii subhaanahuu wa ta'aalaa 'ammaa yusyrikuun.

٦٨- وَنُفِخَ فِي الصُّورِ فَصَعِقَ مَن فِي السَّمَاوَاتِ وَمَن فِي الْأَرْضِ إِلَّا مَن شَاءَ اللَّهُ ثُمَّ نُفِخَ فِيهِ أُخْرَىٰ فَإِذَا هُمْ قِيَامٌ يَنظُرُونَ ۝

68. Ing besuk dina Qiyamat, kalasangkane Malaikat Israfil disebul! ing kono wong saisining Langit lan Bumi, banjur padha mati kabeh, kajaba wong kang dikarsakake dening Allah. Kalasangka mau banjur disebul maneh, wong-wong mau tumuli padha tangi urip maneh, lan padha ngenteni pating pentheleng!

Wa nufikha fish shuuri fasha'iqa man fissamaawaati waman fil ardhi illaa man syaa-allaah, tsumma nufikha fiihi ukhraa fa-idzaa hum qiyaamuy yanzhuruun.

٦٩- وَأَشْرَقَتِ الْأَرْضُ بِنُورِ رَبِّهَا وَوُضِعَ الْكِتَابُ وَجِيءَ بِالنَّبِيِّينَ وَالشُّهَدَاءِ وَقُضِيَ بَيْنَهُم بِالْحَقِّ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ۝

69. Ing Bumi kono katon mencorong! kalawan cahyaning PangeraNe, Kitab yaiku buku cathetan 'amal banjur didokok ana ing kono, para Nabi lan para saksi padha ditekakake, sabanjure wong-wong mau padha dihukumi kalawan adil-sabenere, ora padha dikaniaya.

Wa asyraqatil ardhu binuuri rabbihaa wa wudhi'al kitaabu wa jii-a bin nabiyyiina wasy-syuhadaa-i wa qudhiya bainahum bil haqqi wahum laa yuzhlamuun.

٧٠- وَوُفِّيَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ وَهُوَ أَعْلَمُ بِمَا يَفْعَلُونَ ۝

70. Siji-sijining awak padha diwales apa 'amale kang wus ditindakake, lan PanjenengaNe Allah luwih Ngawuningani marang tumindake wong iku kabeh.

Wa wuffiyat kullu nafsim maa 'amilat wa huwa a'lamu bimaa yaf'aluun.

٧١. وَسِيقَ الَّذِينَ كَفَرُوٓا إِلَىٰ جَهَنَّمَ زُمَرًا ۖ حَتَّىٰٓ إِذَا
جَآءُوهَا فُتِحَتْ أَبْوَٰبُهَا وَقَالَ لَهُمْ خَزَنَتُهَآ أَلَمْ
يَأْتِكُمْ رُسُلٌ مِّنكُمْ يَتْلُونَ عَلَيْكُمْ ءَايَٰتِ رَبِّكُمْ
وَيُنذِرُونَكُمْ لِقَآءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَا ۚ قَالُوا۟ بَلَىٰ وَلَٰكِنْ
حَقَّتْ كَلِمَةُ ٱلْعَذَابِ عَلَى ٱلْكَٰفِرِينَ ۝

71. Wong-wong kang padha kafir digiring menyang Neraka Jahanam apantha-pantha, sahingga nalikane wus padha tekan ing kono, lawang-lawanging Neraka wus padha dibukak lan Malaikat juru-kuncine banjur nakoni marang wong-wong mau: "Apa durung rawuh ing sira, para Utusan saka bangsanira kang macakake Ayat-ayating Pangeranira, sarta memedeni ing sira kalawan: katemu dina Qiyamat saiki?". Dheweke padha mangsuli: "Inggih sampun!". Ananging dhawuh siksaning Allah tetep marang para wong kafir".

Wa siiqal ladziina kafaruu ilaa jahannama zumaraa, hattaa idzaa jaa-uuhaa futihat abwaabuhaa wa qaala lahum khazanatuhaa alam ya'tikum rusulum minkum yatluuna 'alaikum aayaati rabbikum wa yundziruunakum liqaa-a yaumikum haadzaa, qaaluu balaa walaakin haqqat kalimatul 'adzaabi 'alal kaafiriin.

٧٢. قِيلَ ٱدْخُلُوٓا۟ أَبْوَٰبَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَا ۖ فَبِئْسَ
مَثْوَى ٱلْمُتَكَبِّرِينَ ۝

72. Nuli didhawuhake: "Sira padha lumebua lawang-lawanging Jahanam! langgeng ana ing kono, Jahanam iku ala-alaning panggonan kanggo wong-wong kang padha gumedhe!

Qiilad-khuluu abwaaba jahannama khaalidiina fiihaa, wabi'sa matswal mutakabbiriin.

٧٣. وَسِيقَ ٱلَّذِينَ ٱتَّقَوْا۟ رَبَّهُمْ إِلَى ٱلْجَنَّةِ زُمَرًا ۖ
حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءُوهَا وَفُتِحَتْ أَبْوَٰبُهَا وَقَالَ لَهُمْ
خَزَنَتُهَا سَلَٰمٌ عَلَيْكُمْ طِبْتُمْ فَٱدْخُلُوهَا خَٰلِدِينَ ۝

73. Wong-wong kang padha taqwa ing Allah Pangerane padha diirit menyang Suwarga apantha-pantha, sahingga nalikane wus tekan ing Suwarga, lan lawang-lawange wus dibukak, Malaikat juru-kuncine nuli ambagekake: "Ngaturaken kasugengan dhumateng panjenengan sami, panjenengan sami kalegan ing manah, lajeng kula aturi lumebet ing Suwarga, langgeng wonten ing ngriku!".

Wa siiqal ladziinat taqau rabbahum ilal jannati zumaraa, hattaa idzaa jaa-uuhaa wa futihat abwaabuhaa wa qaala lahum khazanatuhaa salaamun 'alaikum thibtum fad-khuluuhaa khaalidiin.

٧٤. وَقَالُوا۟ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى صَدَقَنَا وَعْدَهُۥ وَأَوْرَثَنَا
ٱلْأَرْضَ نَتَبَوَّأُ مِنَ ٱلْجَنَّةِ حَيْثُ نَشَآءُ ۖ فَنِعْمَ
أَجْرُ ٱلْعَٰمِلِينَ ۝

74. Wong-wong mau padha memuji: "Sadaya puji pangalembana kagunganipun Allah, ingkang sampun nuhoni janji dhateng kita, tuwin marisaken Bumi dhumateng kita, kita pinarengaken manggen ing Suwarga sakajeng kita! Sae-saening ni'mat ganjaraning tiyang ingkang 'amal, inggih punika Suwarga!".

Wa qaalul hamdu lillaahil ladzii shadaqanaa wa'dahuu wa auratsanal ardha natabawwa-u minal jannati haitsu nasyaa' fani'ma ajrul 'aamiliin.

٧٥. وَتَرَى الْمَلٰٓئِكَةَ حَآفِّيْنَ مِنْ حَوْلِ الْعَرْشِ يُسَبِّحُوْنَ
بِحَمْدِ رَبِّهِمْ ۚ وَقُضِيَ بَيْنَهُمْ بِالْحَقِّ وَقِيْلَ
الْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Wa taral malaa-ikata haaffiina min haulil 'arsyi yusabbihuuna bihamdi rabbihim wa qudhiya bainahum bil haqqi wa qiilal hamdu lillaahi rabbil 'aalamiin.

75. Sira Muhammad! besuk dina Qiyamat andeleng para Malaikat padha ngepung sakiwa-tengene 'Arsy, dheweke padha maha nucekake ('ibadah) kanthi memuji ing Pangerane, ing kono para manungsa banjur diputusi kalawan bener-bener, lan ana dhawuh: "Sakehe puji-syukur iku kagunganing Allah Pangeraning sadaya 'Alam".

***)

***). Sawatawis intisari ingkang wigatos utawi interkorelasi (sesambetan manunggiling ancas tujuan) antawisipun surat Az Zumar kalayan surat Al Mu'min (tiyang Mu'min) kados katerangan ing ngandhap punika:

1. Surat Al Mu'min ugi kawastanan surat **Ghaafir** tegesipun **Dzat ingkang Maha ngaksama ing dosanipun manungsa!** Sarta saged kawastanan ugi surat Ath Thaul, artosipun **Dzat ingkang Kagungan Kanugrahan** (kados kasebat ing ayat 3!). Lan anerangaken tehnis social-approach (anyelaki sarana aris lembah manah) bilih Allah punika Dzat ingkang Maha ngaksama dhumateng kawulanipun ingkang purun wangsul ngambah margining Allah, utawi lega lila wangsul dhateng Agami sarana ikhlas! Punika satunggaling bukti bilih Agama ingkang ka-da'wah-aken dening Junjungan Kita Nabi Muhammad s.a.w. punika Agami Universal, angajak wangsul sacara fitrah-manusiawi, boten cara ngrodapeksa, utawi istilah tiyang Barat, nangge pedhang! Boten babar pisan Islam punika cara nangge pedhang, ingkang leres Islam da'wahipun sacara ingkang nyocoki ing 'akal sarta nyocoki ing fitrahing manungsa asli!

2. Kakalihipun surat punika sami-sami anerangaken ingkang sesambetan gesang Kasuwargan, benjing ing dintening Pangadilan Agung ing ngarsa dalem Allah SWT.

Mangga sami acecawis tindak tanduk ingkang sae, sae menggahing Allah, lan sae menggahing tiyang!

GHAAFIR (AL MU'MIN) *)

Surat kaping 40 : 85 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 56 lan 57 sakarone kawahyokake ana ing Madinah, tumurun sawuse surat Az Zumar.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Haa Miim (Hamung ngarsa dalem Allah piyambak kang Nupiksa maksude).

١ - حٰمٓ ٥

Haa Miim.

2. Diturunake Kitab Al Quraan iki saka ngarsa dalem Allah kang Maha Wirya tur Maha Wikan.

٢ - تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللهِ الْعَزِيْزِ الْعَلِيْمِ ٥

Tanziilul kitaabi minallaahil 'aziizil 'aliim.

3. Dzat kang Kapareng ngapura dosa, lan Kapareng narima tobat, uga Kagungan siksa abot, sarta peparinge Kanugrahan Gedhe. Ora ana Pangeran, kajaba PanjenengaNe; marang ngarsa dalem Pribadi para manungsa padha marak sowan.

٣ - غَافِرِ الذَّنْبِ وَقَابِلِ التَّوْبِ شَدِيْدِ الْعِقَابِ ذِى الطَّوْلِ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ اِلَيْهِ الْمَصِيْرُ ٥

Ghaafiridz dzambi wa qaabilit taubi syadiidil 'iqaabi dzith-thauli, laa ilaaha illaa huwa, ilaihil mashiir.

4. Ora ana kang wani ambantah Ayat-ayaTe Allah, kajaba wong kafir. Muhammad, sira aja kepencut dening kaprigelane wong-wong mau anggone among dagangane [877] ing ngendi-endi Negara.

٤ - مَا يُجَادِلُ فِىْٓ اٰيٰتِ اللهِ اِلَّا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فَلَا يَغْرُرْكَ تَقَلُّبُهُمْ فِى الْبِلَادِ ٥

Maa yujaadilu fii aayaatillaahi illal ladziina kafaruu falaa yaghrurka taqallubuhum fil bilaad.

---

877). Kabebasaning liberalisme cara Barat jaman sapunika ing babagan ekonomi, sosial lan politik punika saemper sanget kados sesipatanipun titiyang kafir ing jaman samanten, prigel ngolah lan manfaataken kadonyan; ngantos mencutaken, sabab tehnis panci kabukten tiyang Barat sapunika majeng tinimbang tiyang Asia umumipun, kajawi Jepang punika sababag kaliyan kamajengan tehnologi modern Barat. Ananging punika punapa ateges Islam punika Agami mengsahi tehnologi modern?
Boten babar pisan, malah Islam ambiyantu kemajengan tehnik-modern sauger tetep manungsa punika nggegesang taqwa ing Allah SWT lan mujudaken masyarakat ingkang iman sarta amal shaleh!

*) Surat Ghaafir ugi kawastanan surat Al Mu'min.

٥ - كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَّالْاَحْزَابُ مِنْ بَعْدِهِمْ وَهَمَّتْ كُلُّ اُمَّةٍ بِرَسُوْلِهِمْ لِيَاْخُذُوْهُ وَجٰدَلُوْا بِالْبَاطِلِ لِيُدْحِضُوْا بِهِ الْحَقَّ فَاَخَذْتُهُمْ فَكَيْفَ كَانَ عِقَابِ ۝

Kadzdzabat qablahum qaumu nuuhiw wal ahzaaabu mim ba'dihim wa hammat kullu ummatim birasuulihim liya'khudzuuhu wa jaadaluu bil baathili liyud-hidhuu bihil haqqa fa-akhadztuhum, fakaifa kaana 'iqaab.

5. Biyen sadurunge wong-wong kafir Mekkah, kaume Nuh lan akeh-akehe pepanthan, iku wus padha maido lan sawiji-wiji ummat padha duwe seja reka-daya numpes marang Rasule, lan padha ambantah kalawan bantahan kang batal (ora syah), karepe mono kanggo nyirnakake barang bener! Wusana padha Ingsun patrapi siksa! Lah kaya apa abote siksanIngsun?

٦ - وَكَذٰلِكَ حَقَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ عَلَى الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اَنَّهُمْ اَصْحٰبُ النَّارِ ۝

Wa kadzaalika haqqat kalimatu rabbika 'alal ladziina kafaruu annahum ashhaabun naar.

6. Lan kaya mangkono uga dhawuh patrapaning Allah Pangeranira wus pinasthi marang wong kafir, dheweke bakal padha dadi isen-isening Neraka!

Para Malaikat padha nucekake asma dalem Allah, sarta ngunjukake panuwun muga wong-wong Mu'min kaparingan Kabegjan!

٧ - اَلَّذِيْنَ يَحْمِلُوْنَ الْعَرْشَ وَمَنْ حَوْلَهٗ يُسَبِّحُوْنَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَيُؤْمِنُوْنَ بِهٖ وَيَسْتَغْفِرُوْنَ لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا رَبَّنَا وَسِعْتَ كُلَّ شَيْءٍ رَّحْمَةً وَّعِلْمًا فَاغْفِرْ لِلَّذِيْنَ تَابُوْا وَاتَّبَعُوْا سَبِيْلَكَ وَقِهِمْ عَذَابَ الْجَحِيْمِ ۝

Alladziina yahmiluunal 'arsya waman haulahuu yusabbihuuna bihamdi rabbihim wa yu'minuuna bihii wa yastaghfiruuna lilladziina aamanuu, rabbanaa wasi'at kulla syai-ir rahmataw wa 'ilman faghfir lilladziina taabuu wattaba'uu sabiilaka wa qihim 'adzaabal jahiim.

7. Para Malaikat kang padha mikul 'Arsy, lan para Malaikat kang ana sakiwa-tengene, padha maha nucekake kanthi memuji marang Pangerane, padha iman ing Allah, sarta padha nyuwunake pangapura kanggo para wong Mu'min: "Dhuh Pangeran kita! Rahmat tuwin 'Ilmu Paduka punika jembar, anglimputi samudayaning barang, mugi Paduka paring pangaksama dhumateng tetiyang ingkang sami dhedhepe mertobat, tuwin sami ngambah margi Paduka, mugi Paduka ngreksaa tetiyang wau saking siksa Neraka Jahim".

٨ - رَبَّنَا وَاَدْخِلْهُمْ جَنّٰتِ عَدْنِ الَّتِيْ وَعَدْتَّهُمْ وَمَنْ صَلَحَ مِنْ اٰبَآئِهِمْ وَاَزْوَاجِهِمْ وَذُرِّيّٰتِهِمْ اِنَّكَ اَنْتَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

8. Dhuh Pangeran kita! mugi Paduka lebetaken tetiyang wau ing Suwarga 'Adn ingkang sampun Paduka janjekaken, makaten ugi para leluhuripun, simahipun saha anak turunipun ingkang sami shaleh. Saestunipun Paduka punika Dzat ingkang Maha Mulya tur Maha Wicaksana.

Rabbanaa wa ad-khilhum jannaati 'adni (n)illatii wa'ad-tahum waman shalaha min aabaa-ihim wa azwaajihim wa dzurriyyaatihim, innaka antal 'aziizul hakiim.

9. Lan keparenga Paduka ngreksa dhateng tetiyang wau saking awonipun dinten Qiyamat punika, awit sok sintena tiyangipun ingkang Paduka reksa saking piawon, yektos tiyang wau sampun Paduka paringi rahmat, lan inggih makaten wau kabegjan ingkang agung saestu!".

٩ - وَقِهِمُ السَّيِّاٰتِ ۚ وَمَنْ تَقِ السَّيِّاٰتِ يَوْمَئِذٍ فَقَدْ رَحِمْتَهٗ ۚ وَذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

Wa qihimus sayyi-aat, waman taqis sayyi-aati yauma-idzin faqad rahimtah, wa dzaalika huwal fauzul 'azhiim.

10. Satemene wong-wong kang padha kafir, besuk dina Qiyamat, bakal diuwuh-uwuh: "Sayekti bebenduning Allah iku luwih gedhe, tinimbang anggonira nepsu marang kancanira iku, nalikane sira padha diajak marang iman (katekan da'wah), wasana sira padha kafir".

١٠ - اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا يُنَادَوْنَ لَمَقْتُ اللّٰهِ اَكْبَرُ مِنْ مَّقْتِكُمْ اَنْفُسَكُمْ اِذْ تُدْعَوْنَ اِلَى الْاِيْمَانِ فَتَكْفُرُوْنَ ۝

Innalladziina kafaruu yunaadauna lamaqtul-laahi akbaru mim maqtikum anfusakum idz tud'auna ilal iimaani fatakfuruun.

11. Wong kafir mau padha matur: "Dhuh Pangeran kula! mugi Paduka mejahi kula kaping kalih, tuwin Paduka gesangaken kula, uga kaping kalih. Kula sampun ngakeni dosa-dosa kula, punapa kintenipun taksih wonten marginipun medal saking siksa punika?".

١١ - قَالُوْا رَبَّنَآ اَمَتَّنَا اثْنَتَيْنِ وَاَحْيَيْتَنَا اثْنَتَيْنِ فَاعْتَرَفْنَا بِذُنُوْبِنَا فَهَلْ اِلٰى خُرُوْجٍ مِّنْ سَبِيْلٍ ۝

Qaaluu rabbanaa amattanaats-nataini wa ahyaitanats-nataini fa'tarafnaa bidzunuubinaa fahal ilaa khuruujim min sabiil.

12. Kang mangkono iku, jalaran manawa Allah kang Sawiji diunjuki panyembah, sira banjur padha kafir, nanging manawa PanjenengaNe dianggep ana tunggale sira padha gelem iman. Dene bab hukum iku kaasta dening Allah piyambak, kang Maha Luhur tur Maha Agung!

١٢ - ذٰلِكُمْ بِاَنَّهٗٓ اِذَا دُعِيَ اللّٰهُ وَحْدَهٗ كَفَرْتُمْ ۚ وَاِنْ يُّشْرَكْ بِهٖ تُؤْمِنُوْا ۚ فَالْحُكْمُ لِلّٰهِ الْعَلِيِّ الْكَبِيْرِ ۝

Dzaalikum bi-annahuu idzaa du'iyallaahu wahdahuu kafartum, wa-iy yusyrak bihii tu'minuu, falhukmu lillaahil 'aliyyil kabiir.

Kuwajibaning para manungsa iku mung 'Ibadah marang Allah.

13. PanjenengaNe paring weruh marang sira kabeh Ayat-AyaTe (tandha-tandha panguwasaNe), lan nurunake rezeki saka Langit kanggo sira kabeh. Nanging kok ora eling, kajaba wong kang dhedhepe tobat marang Allah.

١٣ - هُوَ الَّذِيْ يُرِيْكُمْ اٰيٰتِهٖ وَيُنَزِّلُ لَكُمْ مِّنَ السَّمَآءِ رِزْقًا ۚ وَمَا يَتَذَكَّرُ اِلَّا مَنْ يُّنِيْبُ ۝

Huwal ladzii yuriikum aayaatihii wa yunazzilu lakum minas samaa-i rizqaa, wamaa yatadzakkaru illaa may yuniib.

14. Mulane sira padha nyenyuwuna marang Allah kanthi murnekake panyembah marang PanjenengaNe, sanajan wong-wong kafir padha gething!

١٤- فَادْعُوا اللّٰهَ مُخْلِصِيْنَ لَهُ الدِّيْنَ وَلَوْ كَرِهَ الْكٰفِرُوْنَ ۝

Fad'ullaaha mukhlishiina lahud-diina walau karihal kaafiruun.

15. Hamung PanjenengaNe pribadi kang Maha Luhur derajaTe, kang Kagungan 'Arsy, PanjenengaNe maringi wahyu dhawuh parentaHe marang kawulaNe kang dadi kaparenging karsaNe, supaya ngelingake bakal tekane dina Qiyamat, yaiku dinane wong padha katemu karo Malaikat (dina partamuan).

١٥- رَفِيْعُ الدَّرَجٰتِ ذُو الْعَرْشِ ۚ يُلْقِى الرُّوْحَ مِنْ اَمْرِهٖ عَلٰى مَنْ يَّشَآءُ مِنْ عِبَادِهٖ لِيُنْذِرَ يَوْمَ التَّلَاقِ ۙ

Rafii'ud darajaati dzul 'arsyi, yulqir ruuha min amrihii 'alaa may yasyaa-u min 'ibaadihii liyundzira qaumat talaaq.

16. Yaiku dinane wong kang padha metu saka kubure, ing kono ora ana sawijining barang kang kasamaran mungguhing Allah. Ing dina iku Karaton iku kagungane sapa?". Kagungane Allah kang Maha Tunggal tur kang Murba Wasesa.

١٦- يَوْمَ هُمْ بٰرِزُوْنَ ۚ لَا يَخْفٰى عَلَى اللّٰهِ مِنْهُمْ شَىْءٌ ۭ لِمَنِ الْمُلْكُ الْيَوْمَ ۭ لِلّٰهِ الْوَاحِدِ الْقَهَّارِ ۝

Yauma hum baarizuuna laa yakhfaa 'alallaahi minhum syai-un limanil mulkul yaum, lillaahil waahidil qahhaar.

17. Ing dina iku kabeh awak padha diwales 'amale kang wus dilakoni, lan ing dina iku ora ana panganiaya. Satemene Allah iku rikat banget pangisaBe (pangetuNge)!

١٧- اَلْيَوْمَ تُجْزٰى كُلُّ نَفْسٍ ۢ بِمَا كَسَبَتْ ۭ لَا ظُلْمَ الْيَوْمَ ۭ اِنَّ اللّٰهَ سَرِيْعُ الْحِسَابِ ۝

Alyauma tujzaa kullu nafsim bimaa kasabat, laa zhulmal yaum, innallaaha sarii'ul hisaab.

18. Muhammad, sira ngelingna wong iku kabeh, dina Qiyamat kang wus cedhak! nalika atine wong padha munggah, tekan tenggok, jalaran anggone padha ngampet susah! Wong kang nganiaya iku ora bakal nemu sanak utawa juru syafa'at kang kena dianut!

١٨- وَاَنْذِرْهُمْ يَوْمَ الْاٰزِفَةِ اِذِ الْقُلُوْبُ لَدَى الْحَنَاجِرِ كٰظِمِيْنَ ۭ مَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ حَمِيْمٍ وَّلَا شَفِيْعٍ يُّطَاعُ ۝

Wa andzirhum yaumal aazifati idzil quluubu ladal hanaajiri kaazhimiin, maa lizhzhaalimiina min hamiimiw wa laa syafii'iy yuthaa'.

19. Allah Nguningani pandelenge mata kang cidra, [878] lan barang kang kinandhut ana ing ati!

١٩. يَعْلَمُ خَآئِنَةَ الْأَعْيُنِ وَمَا تُخْفِي الصُّدُورُ ۝

Ya'lamu khaa-inatal a'yuni wamaa tukhfish shuduur.

20. Lan Allah iku ngukumi kalawan hukum kang bener, lan Pangeran saliyane Allah kang padha disembah, ora bisa gawe hukum apa-apa, satemene Allah iku Maha Midhanget tur Maha Priksa.

٢٠. وَاللَّهُ يَقْضِي بِالْحَقِّ ۖ وَالَّذِينَ يَدْعُونَ مِن دُونِهِ لَا يَقْضُونَ بِشَيْءٍ ۗ إِنَّ اللَّهَ هُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ ۝

Wallaahu yaqdhii bilhaqq, walladziina yad'uuna min duunihii laa yaqdhuuna bisyai-in innallaaha huwas samii'ul bashiir.

Tepa tuladha saka sejarah parjoangane Nabi Musa a.s.

21. Apa kedadeyane kafir iku ora padha lelungan jajah Bumi, banjur padha mikir-mikir kapriye wekasane wong-wong jaman kuna biyen, kang padha duwe kekuwatan luwih santosa tinimbang karo wong iku kabeh, lan akeh patilasane ana ing Bumi. Lan ora ana wong kang ngreksa dheweke saka siksanIngsun Allah.

٢١. أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ كَانُوا مِن قَبْلِهِمْ ۚ كَانُوا هُمْ أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً وَآثَارًا فِي الْأَرْضِ فَأَخَذَهُمُ اللَّهُ بِذُنُوبِهِمْ ۖ وَمَا كَانَ لَهُم مِّنَ اللَّهِ مِن وَاقٍ ۝

Awalam yasiiruu fil ardhi fayanzhuru kaifa kaana 'aaqibatul ladziina kaanuu min qablihim, kaanuu hum asyadda minhum quwwataw wa aatsaaran fil ardhi fa-akhadza humullaahu bidzunuubihim, wamaa kaana lahum minallaahi miw waaq.

22. Kang mangkono iku marga wong-wong mau wus katekan Rasul kalawan ngasta mu'jizat-mu'jizat kang cetha! Ananging wong-wong mau padha kafir, satemah banjur kasiksa dening Allah. Yekti PanjenengaNe iku Dzat kang Maha Kuwat tur Kagungan siksa kang luwih abot.

٢٢. ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَانَت تَّأْتِيهِمْ رُسُلُهُم بِالْبَيِّنَاتِ فَكَفَرُوا فَأَخَذَهُمُ اللَّهُ ۖ إِنَّهُ قَوِيٌّ شَدِيدُ الْعِقَابِ ۝

Dzaalika bi-annahum kaanat ta'tiihim rusuluhum bil bayyinaati fakafaruu fa-akhadza humullaah, innahuu qawiyyun syadiidul 'iqaab.

23. Yekti temen Ingsun wus angutus Musa kanthi ngampil Ayat-ayatIngsun lan panguwasa kang pratela!

٢٣. وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ بِآيَاتِنَا وَسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ۝

Walaqad arsalnaa muusaa bi-aayaatinaa wa sulthaanim mubiin.

878). Inggih punika mripat ingkang ningali lampah maksiyat, upami ningali wanita ingkang sampun muhrimipun.

٢٤- إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَهَامَٰنَ وَقَارُونَ فَقَالُوا سَاحِرٌ كَذَّابٌ ۝

Ilaa fir'auna wa haamaana wa qaaruuna faqaaluu saahirun kadzdzaab.

24. Marang Raja Fir'aun, Haman, lan Qarun, wusanane padha ngucap: "Dheweke Musa iku tukang sihir! tur tukang goroh!".

٢٥- فَلَمَّا جَاءَهُم بِالْحَقِّ مِنْ عِندِنَا قَالُوا اقْتُلُوا أَبْنَاءَ الَّذِينَ آمَنُوا مَعَهُ وَاسْتَحْيُوا نِسَاءَهُمْ ۚ وَمَا كَيْدُ الْكَافِرِينَ إِلَّا فِي ضَلَالٍ ۝

Falammaa jaa-ahum bilhaqqi min 'indinaa qaaluqtuluu abnaa-al ladziina aamanuu ma'ahuu wastahyuu nisaa-ahum, wamaa kaidul kaafiriina illaa fii dhalaal.

25. Bareng Nabi Musa nekani wong-wong mau kanthi anggawa pituduh kang bener saka ngarsanIngsun, wong-wong mau padha ngucap: "Sira padha matenana anak-anake wong kang iman marang Musa, kang metu lanang, dene anak-anake wadon padha uripana!". Lan satemene pangreksa dayane wong-wong kafir iku mesthi kesasar!.

٢٦- وَقَالَ فِرْعَوْنُ ذَرُونِي أَقْتُلْ مُوسَىٰ وَلْيَدْعُ رَبَّهُ ۖ إِنِّي أَخَافُ أَن يُبَدِّلَ دِينَكُمْ أَوْ أَن يُظْهِرَ فِي الْأَرْضِ الْفَسَادَ ۝

Wa qaala fir'aunu dzaruunii aqtul muusaa walyad'u rabbahuu, innii akhaafu ay yubaddila diinakum au ay-yuzh-hira fil ardhil fasaad.

26. Fir'aun ngucap: "Aku ujanen bae sakarepku! aku kang nedya mateni Musa! Cikben Musa nyuwun tulung marang Pangerane. Sanyata aku kuwatir yenta Musa iku angganti Agamanira utawa nganakake kerusakan ana ing Bumi!".

٢٧- وَقَالَ مُوسَىٰ إِنِّي عُذْتُ بِرَبِّي وَرَبِّكُم مِّن كُلِّ مُتَكَبِّرٍ لَّا يُؤْمِنُ بِيَوْمِ الْحِسَابِ ۝

Wa qaala muusaa innii 'udz-tu birabbii wa rabbikum min kulli mutakabbiril laa yu'minu biyaumil hisaab

27. Lan Nabi Musa pratela: "Sanyata aku nyuwun reksa marang Allah Pangeranku lan Pangeranmu saka sakabehe wong kang ambeg kumaluhur, ora percaya anane dina paprikSan".

٢٨- وَقَالَ رَجُلٌ مُّؤْمِنٌ مِّنْ آلِ فِرْعَوْنَ يَكْتُمُ إِيمَانَهُ أَتَقْتُلُونَ رَجُلًا أَن يَقُولَ رَبِّيَ اللَّهُ وَقَدْ جَاءَكُم بِالْبَيِّنَاتِ مِن رَّبِّكُمْ ۖ وَإِن يَكُ كَاذِبًا فَعَلَيْهِ كَذِبُهُ ۖ وَإِن يَكُ صَادِقًا يُصِبْكُم بَعْضُ الَّذِي يَعِدُكُمْ ۖ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي مَنْ هُوَ مُسْرِفٌ كَذَّابٌ ۝

Falammaa jaa-ahum bilhaqqi min 'indinaa qaaluqtuluu abnaa-al ladziina aamanuu ma'ahuu wastahyuu nisaa-ahum, wamaa kaidul kaafiriina illaa fii dhalaal.

28. Ana sawijining wong Mu'min saka kawulawargane Fir'aun, anyingidake imane, angucap mangkene: "Punapa sampeyan sadaya badhe mejahi tiyang, jalaran anggenipun wicanten: "Pangeranku Allah". Tur piyambakipun sampun andhatengi ing sampeyan sadaya kalayan mbekta tandha yekti ingkang nyata, saking Pangeran panjenengan sadaya. Manawi piyambakipun goroh, gorohipun wau tetep melarati badanipun piyambak; dene manawi temen, panjenengan tamtu badhe katempuh saweneching siksa ingkang dipun ancamaken dhateng sampeyan sadaya. Saestunipun Allah punika boten nedahaken tiyang ingkang nglangkungi wates tindakipun tuwin gorohipun".

Wa qaala rajulum mu'minum min aali fir'auna yaktumu iimaanahuu ataqtuluuna rajulan ay-yaquula rabbiyallaahu waqad jaa-akum bil bayyinaati mir rabbikum, wa-iy yaku kaadziban fa'alaihi kadzibahuu wa-iy yaku shaadiqay yushibkum ba'dhul ladzii ya'idukum, innallaaha laa yahdii man huwa musrifun kadzdzaab.

٢٩- يٰقَوْمِ لَكُمُ الْمُلْكُ الْيَوْمَ ظٰهِرِيْنَ فِي الْاَرْضِ فَمَنْ يَّنْصُرُنَا مِنْۢ بَاْسِ اللّٰهِ اِنْ جَآءَنَا ؕ قَالَ فِرْعَوْنُ مَآ اُرِيْكُمْ اِلَّا مَآ اَرٰى وَمَآ اَهْدِيْكُمْ اِلَّا سَبِيْلَ الرَّشَادِ ۝

29. "Dhuh mitra kula sadaya! Ing dinten punika panjenengan sakanca ingkang angsal kamenangan ngasta Keraton ing Bumi Mesir ngriki. Nanging kemawon sinten ingkang saged nulungi kula sakanca saking siksanIng Allah, manawi siksa wau nempuh ing kita?". Raja Fir'aun ngucap: "Aku ora meruhake ing sira kabeh, kajaba barang kang wus dak weruhi, lan aku ora nuduhake ing sira kabeh, kajaba marang dalan kang bener!".

Yaa qaumi lakumul mulkul yauma zhaahiriina fil ardhi famay yanshurunaa mim ba'sillaahi in jaa-anaa, qaala fir'aunu maa uriikum illaa maa araa wamaa ahdiikum illaa sabiilar rasyaad.

٣٠- وَقَالَ الَّذِيْٓ اٰمَنَ يٰقَوْمِ اِنِّيْٓ اَخَافُ عَلَيْكُمْ مِّثْلَ يَوْمِ الْاَحْزَابِ ۝

30. Wong kang Mu'min mau ngucap maneh: "Dhuh kaum kula! saleresipun kula nguwatosaken dhateng sampeyan sadaya, mbok manawi sami ngalami kawontenan kados ing dintenipun para wadyabala kafir, ingkang sampun sami sirna!

Wa qaalal ladzii aamana yaaqaumi innii akhaafu 'alaikum mitsla yaumil ahzaab.

٣١- مِثْلَ دَاْبِ قَوْمِ نُوْحٍ وَّعَادٍ وَّثَمُوْدَ وَالَّذِيْنَ مِنْۢ بَعْدِهِمْ ؕ وَمَا اللّٰهُ يُرِيْدُ ظُلْمًا لِّلْعِبَادِ ۝

31. Inggih punika kados kawontenanipun kaum Nuh, kaum 'Aad, kaum Tsamud, lan tetiyang sapengkeripun. Allah punika boten ngersakaken panganiaya dhateng para kawulanipun.

Mitsla da'bi qaumi nuuhiw wa 'aadiw wa tsamuuda walladziina mim ba'dihim, wamallaahu yuriidu zhulmal lil-'ibaad.

٣٢- وَيٰقَوْمِ اِنِّيْٓ اَخَافُ عَلَيْكُمْ يَوْمَ التَّنَادِ ۝

32. Dhuh kaum kula! saleresipun kula nguwatosaken dhateng sampeyan sadaya, ing dintenipun para manungsa sami sesambat ngadhuh-adhuh jalaran dipun hisab.

Wa yaaqaumi innii akhaafu 'alaikum yaumat tanaad.

٣٣- يَوْمَ تُوَلُّوْنَ مُدْبِرِيْنَ ۚ مَا لَكُمْ مِّنَ اللّٰهِ مِنْ عَاصِمٍ ۚ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ هَادٍ ۝

33. Inggih punika dintenipun sampeyan sami mundur saking paseban ara-ara mahsyar terus dhateng Neraka. Boten wonten tiyang ingkang saged nulungi saking siksaning Allah. Sok sintena kemawon dipun sasaraken dening Allah, tamtu boten wonten ingkang saged nedahaken".

Yauma tuwalluuna mudbiriina maa lakum minallaahi min 'aashim, wamay yudhlilillaahu famaa lahuu min haad.

34. Temen, biyen Yusuf uga wus ngrawuhi sira kabeh, kanthi anggawa tandha yekti kang pratela! Wusana sira kabeh tansah padha mamang marang ampilan kang kadhawuhake marang sira iku. Sahingga nalika dheweke wus mati, sira banjur ngucap: "Sapungkure Yusuf, Allah ora ngutus Rasul maneh". Lan kaya mangkono iku Allah anggone nyasarake wong kang leluwihan tur tansah mamang.

٣٤- وَلَقَدْ جَآءَكُمْ يُوسُفُ مِنْ قَبْلُ بِالْبَيِّنٰتِ فَمَا
زِلْتُمْ فِي شَكٍّ مِّمَّا جَآءَكُمْ بِهٖ ۖ حَتّٰٓى إِذَا هَلَكَ قُلْتُمْ
لَنْ يَّبْعَثَ اللّٰهُ مِنْ بَعْدِهٖ رَسُوْلًا ۗ كَذٰلِكَ يُضِلُّ
اللّٰهُ مَنْ هُوَ مُسْرِفٌ مُّرْتَابٌ ۝

Walaqad jaa-akum yuusufu min qablu bil bayyinaati famaa ziltum fii syakkim mimmaa jaa-akum bihii hattaa idzaa halaka qultum lay yab'atsallaahu mim ba'dihii rasuulaa, kadzaalika yudhillullaahu man huwa musrifum murtaab.

35. Yaiku wong kang padha madoni Ayate Allah tanpa nganggo tandha yekti kang kaparingake marang dheweke, wong-wong iku kabendon kang gedhe banget mungguhing Allah, lan mungguhing para wong Mu'min. Kaya mangkono Allah wus ngecap atine wong kang padha gumedhe tur dak menang!".

٣٥- اَلَّذِيْنَ يُجَادِلُوْنَ فِيْٓ اٰيٰتِ اللّٰهِ بِغَيْرِ سُلْطٰنٍ اَتٰىهُمْ ۭ
كَبُرَ مَقْتًا عِنْدَ اللّٰهِ وَعِنْدَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۭ كَذٰلِكَ
يَطْبَعُ اللّٰهُ عَلٰي كُلِّ قَلْبِ مُتَكَبِّرٍ جَبَّارٍ ۝

Alladziina yujaadiluuna fii aayaatillaahi bighairi sulthaanin ataahum, kabura maqtan 'indallaahi wa 'indal ladziina aamanuu, kadzaalika yathba'ul-laahu 'alaa kulli qalbi mutakabbirin jabbaar.

36. Fir'aun ngucap: "He Haman, aku yasakna panggung kang dhuwur! dak anggo lantaran (dalan) piranti munggah mandhuwur, supaya aku tumeka ing lawang-lawang Langit!.

٣٦- وَقَالَ فِرْعَوْنُ يٰهَامٰنُ ابْنِ لِيْ صَرْحًا لَّعَلِّيْٓ
اَبْلُغُ الْاَسْبَابَ ۝

Wa qaala fir'aunu yaa haamaanubni lii sharhal la'allii ablughul asbaab.

37. Yaiku marga bisane menyang Langit, banjur aku bisa weruh Pangerane Musa! Lan temen aku duwe pangira yen Musa iku goroh". Kaya mangkono uga Fir'aun wis dipahesi ala ngamal lakune, lan Fir'aun cinegah ngambah dalan bener! Lan ora ana reka dayane Fir'aun iku, kajaba mung kapitunan.

٣٧- اَسْبَابَ السَّمٰوٰتِ فَاَطَّلِعَ اِلٰٓى اِلٰهِ مُوْسٰى وَاِنِّيْ
لَاَظُنُّهٗ كَاذِبًا ۭ وَكَذٰلِكَ زُيِّنَ لِفِرْعَوْنَ سُوْۗءُ عَمَلِهٖ
وَصُدَّ عَنِ السَّبِيْلِ ۭ وَمَا كَيْدُ فِرْعَوْنَ اِلَّا فِيْ
تَبَابٍ ۝

Asbaabas samaawaati fa-aththali'a ilaa ilaahi muusaa wa innii la-azhunnuhuu kaadzibaa, wa kadzaalika zuyyina lifir'auna suu-u 'amalihii wa shudda 'anis sabiil, wamaa kaidu fir'auna illaa fii tabaab.

38. Lan pangucape wong kang Mu'min: "Dhuh mitra golongan kula! mugi sampeyan sadaya manuta ing kula, sampeyan sadaya kula tedahaken dhateng margi ingkang leres.

٣٨- وَقَالَ الَّذِيٓ اٰمَنَ يٰقَوْمِ اتَّبِعُوْنِ اَهْدِكُمْ سَبِيْلَ الرَّشَادِ ۝

Wa qaalal ladzii aamana yaa qaumit tabi'uuni ahdiikum sabiilar rasyaad.

39. Dhuh mitra kula sadaya! saestunipun barang Donya punika namung kasenengan sawatawis! Dene saestunipun Akherat punika Negari ingkang sarwa langgeng.

٣٩- يٰقَوْمِ اِنَّمَا هٰذِهِ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا مَتَاعٌ ۫ وَّاِنَّ الْاٰخِرَةَ هِيَ دَارُ الْقَرَارِ ۝

Yaa qaumi innamaa haadzihil hayaatud dunyaa mataa'uw wa innal aakhirata hiya daarul qaraar.

40. Sintena kemawon ingkang nindakaken piawon, punika boten kawales, kajawi awon satrepipun. Dene sintena ingkang nindakaken kasaenan, jaler utawi estri, tur kanthi iman manahipun, tetiyang wau badhe lumebet Suwarga, wonten ing ngriku kaparingan rezeki ingkang tanpa wilangan.

٤٠- مَنْ عَمِلَ سَيِّئَةً فَلَا يُجْزٰٓى اِلَّا مِثْلَهَا ۚ وَمَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِّنْ ذَكَرٍ اَوْ اُنْثٰى وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَاُولٰٓئِكَ يَدْخُلُوْنَ الْجَنَّةَ يُرْزَقُوْنَ فِيْهَا بِغَيْرِ حِسَابٍ ۝

Man 'amila sayyi-atan falaa yujzaa illaa mitslahaa, waman 'amila shaaliham min dzakarin au untsaa wahuwa mu'minun fa-ulaa-ika yadkhuluunal jannata yurzaquuna fiihaa bighairi hisaab.

41. Dhuh mitra kula sadaya! kados pundi dene kula ngajak sampeyan sadaya dhateng Karahayon, nanging sampeyan sadaya malah ngajak kula dhateng Neraka.

٤١- وَيٰقَوْمِ مَا لِيْٓ اَدْعُوْكُمْ اِلَى النَّجٰوةِ وَتَدْعُوْنَنِيْٓ اِلَى النَّارِ ۝

Wa yaa qaumi maalii ad'uukum ilan najaati wa tad'uunanii ilan naar.

42. Kenging punapa, sampeyan ngajak kula supados kafir dhateng Allah, tuwin nyakuthokaken dhateng Allah kalayan barang ingkang kula dereng terang. Dene kula ngajak-ajak ing sampeyan sadaya dhateng Pangeran ingkang Maha Mulya tur ingkang tansah paring pangaksama.

٤٢- تَدْعُوْنَنِيْ لِاَكْفُرَ بِاللّٰهِ وَاُشْرِكَ بِهٖ مَا لَيْسَ لِيْ بِهٖ عِلْمٌ ۡ وَّاَنَا اَدْعُوْكُمْ اِلَى الْعَزِيْزِ الْغَفَّارِ ۝

Tad'uunanii li-akfura billaahi wa usyrika bihii maa laisa lii bihii 'ilmuw wa anaa ad'uukum ilal 'aziizil ghaffaar.

43. Sampun tamtu boten kenging boten anggen sampeyan ajak-ajak kula mangeran dhateng brahala punika lepat sanget, brahala wau boten saged ngabulaken panyuwun ing Donya tuwin Akherat. Saestunipun kita sadaya badhe wangsul sowan ing ngarsa dalem Allah piyambak, lan saestunipun tiyang ingkang lelangkungan punika dados ahli Neraka!

٤٣- لَا جَرَمَ اَنَّمَا تَدْعُوْنَنِيْٓ اِلَيْهِ لَيْسَ لَهٗ دَعْوَةٌ فِي الدُّنْيَا وَلَا فِي الْاٰخِرَةِ وَاَنَّ مَرَدَّنَآ اِلَى اللّٰهِ وَاَنَّ الْمُسْرِفِيْنَ هُمْ اَصْحٰبُ النَّارِ ۝

Laa jarama annamaa tad'uunanii ilaihi laisa lahuu da'watun fid-dunyaa walaa fil aakhirati wa anna maraddanaa ilallaahi wa annal musrifiina hum ashhaabun naar.

٤٤ - فَسَتَذْكُرُونَ مَآ أَقُولُ لَكُمْ ۚ وَأُفَوِّضُ أَمْرِىٓ إِلَى
ٱللَّهِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ بَصِيرٌۢ بِٱلْعِبَادِ ۝

Fasatadzkuruuna maa aquulu lakum, wa ufawwidhu amrii ilallaah, innallaaha bashiirum bil 'ibaad.

44. Ing benjing sampeyan sadaya badhe enget, anggen kula suka pemut dhateng sampeyan punika, kula masrahaken perkawis kula dhateng Allah. Saestunipun Allah punika ingkang Mriksani dhateng para kawulanipun".

٤٥ - فَوَقَىٰهُ ٱللَّهُ سَيِّـَٔاتِ مَا مَكَرُوا۟ وَحَاقَ بِـَٔالِ فِرْعَوْنَ
سُوٓءُ ٱلْعَذَابِ ۝

Fawaqaahullaahu sayyi-aati maa makaruu wa haaqa bi-aali fir'auna suu-al 'adzaab.

45. Ing kono Allah banjur ngreksa ing dheweke saka pangreka dayane wong kafir, Fir'aun sawadyabalane wus kapatrapan sak ala-alaning siksa.

٤٦ - ٱلنَّارُ يُعْرَضُونَ عَلَيْهَا غُدُوًّا وَعَشِيًّا ۚ وَيَوْمَ
تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ ۖ أَدْخِلُوٓا۟ ءَالَ فِرْعَوْنَ أَشَدَّ
ٱلْعَذَابِ ۝

Annaaru yu'radhuuna 'alaihaa ghuduwwaw wa 'asyiyyan wa yauma taquumus saa'ah, adkhiluu aala fir'auna asyaddal 'adzaab.

46. Ing besuk Neraka iku bakal dipitontonake marang wong-wong mau saben esuk lan sore. Lan besuk dina Qiyamat, Allah dhawuh marang para Malaikat: "Sira nglebokna kulawargane Fir'aun ana ing siksa kang abot".

٤٧ - وَإِذْ يَتَحَآجُّونَ فِى ٱلنَّارِ فَيَقُولُ ٱلضُّعَفَٰٓؤُا۟ لِلَّذِينَ
ٱسْتَكْبَرُوٓا۟ إِنَّا كُنَّا لَكُمْ تَبَعًا فَهَلْ أَنتُم مُّغْنُونَ
عَنَّا نَصِيبًا مِّنَ ٱلنَّارِ ۝

Wa-idz yatahaajjuuna finnaari fayaquuludh dhu'afaa-u lilladziinas takbaruu innaa kunnaa lakum taba'an fahal antum mughnuuna 'annaa nashiibam minan naar.

47. Lan elinga, nalikane wong-wong mau padha padudon ana ing Neraka, wong-wong kang apes ngucap marang panggedhene: "Satemene aku kabeh iki padha manut marang sira. Apa sira padha bisa nylametake awakku saka siksa Neraka sathithik bae?".

٤٨ - قَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوٓا۟ إِنَّا كُلٌّ فِيهَآ إِنَّ ٱللَّهَ قَدْ
حَكَمَ بَيْنَ ٱلْعِبَادِ ۝

Qaalal ladziinas takbaruu innaa kullun fiihaa innallaaha qad hakama bainal 'ibaad.

48. Panggedhene mangsuli: "Aku kabeh mesthi padha tetep nyemplung ing Neraka, satemene Allah wus mutus prakaraning para kawulaNe".

٤٩ - وَقَالَ ٱلَّذِينَ فِى ٱلنَّارِ لِخَزَنَةِ جَهَنَّمَ ٱدْعُوا۟
رَبَّكُمْ يُخَفِّفْ عَنَّا يَوْمًا مِّنَ ٱلْعَذَابِ ۝

49. Wong-wong kang ana ing jero Neraka padha ngucap marang Malaikat juru-kuncine Jahanam: "Panjenengan kula aturi nyuwun

dhumateng Pangeran panjenengan, supados ngenthengaken kita saking siksa punika sadinten kemawon!".

Wa qaalal ladziina finnaari likhazanati jahannamad'uu rabbakum yukhaffif 'annaa yaumam minal 'adzaab.

٥٠- قَالُوٓا۟ أَوَلَمْ تَكُ تَأْتِيكُمْ رُسُلُكُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ ۖ قَالُوا۟ بَلَىٰ ۚ قَالُوا۟ فَٱدْعُوا۟ ۗ وَمَا دُعَٰٓؤُا۟ ٱلْكَٰفِرِينَ إِلَّا فِى ضَلَٰلٍ ۝

50. Malaikat mangsuli: "Apa sira durung karawuhan Rasulira kalawan ngampil tandha yekti kang nyata". Wangsulane: "Inggih sampun!". Malaikat ngucap maneh: "Sira padha nyuwuna dhewe-dhewe". Ananging panyuwune wong-wong kafir iku tanpa guna ora makolehi apa-apa kajaba sasar.

Qaaluu awalam taku ta'tiikum rusulukum bil bayyinaat, qaaluu balaa, qaaluu fad'uu wamaa du'aa-ul kaafiriina illaa fii dhalaal.

٥١- إِنَّا لَنَنصُرُ رُسُلَنَا وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَيَوْمَ يَقُومُ ٱلْأَشْهَٰدُ ۝

51. Sanyata Ingsun mesthi nulungi para UtusanIngsun lan wong-wong kang padha Mu'min ana ing urip Donya kene, lan ana ing besuk dina Qiyamat, dinane para saksi padha kadangu.

Innaa lananshuru rusulanaa walladziina aamanuu fil hayaatid dunyaa wa yauma yaquumul asyhaad.

٥٢- يَوْمَ لَا يَنفَعُ ٱلظَّٰلِمِينَ مَعْذِرَتُهُمْ وَلَهُمُ ٱللَّعْنَةُ وَلَهُمْ سُوٓءُ ٱلدَّارِ ۝

52. Yaiku ing dinane wong kang padha nganiaya awake dhewe ora bisa ngalap manfa'at persaben sing diaturake, malah padha kapatrapan la'nate Allah, sarta padha anduweni panggonan kang ala dhewe ana ing Akherat.

Yauma laa yanfa'uzh zhaalimiina ma'dziratuhum walahumul la'natu wa lahum suu-ud daar.

٥٣- وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْهُدَىٰ وَأَوْرَثْنَا بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱلْكِتَٰبَ ۝

53. Lan temen Ingsun wus paring pituduh marang Musa, lan maneh Ingsun wus marisake Kitab Suci marang wong Bani Israil.

Walaqad aatainaa muusal hudaa wa auratsnaa banii israa-iilal kitaab.

٥٤- هُدًى وَذِكْرَىٰ لِأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ ۝

54. Dadi pituduh lan pepeling marang wong kang duwe 'akal.

Hudaw wa dzikraa li-ulil albaab.

٥٥- فَٱصْبِرْ إِنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ وَٱسْتَغْفِرْ لِذَنۢبِكَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ بِٱلْعَشِىِّ وَٱلْإِبْكَٰرِ ۝

55. Muhammad, sira disabar! sanyata janjine Allah iku temen, lan sira nyuwuna pangapura tumrap dosanira, sarta sira maha sucekna kalawan memuji ing Pangeranira saben wayah esuk lan sore!

Fashbir inna wa'dallaahi haqquw wastaghfir lidzambika wa sabbih bihamdi rabbika bil 'asyiyyi wal ibkaar.

Mung karana tekebur manungsa iku ingkar lan ambangkang marang Allah.

56. Sanyata wong-wong kang padha madoni Ayat-ayate Allah ora kanthi tandha yekti kang kaparingake marang dheweke, ora ana ing sajeroning ati-atine wong iku kajaba tekebur, mulane ora bisa kalakon apa kang dikarepake. Muhammad, sira nyuwuna reksa marang Allah, sanyata PanjenengaNe iku Dzat kang Midhanget tur kang Maha Priksa.

٥٦- إِنَّ الَّذِينَ يُجَادِلُونَ فِي آيَاتِ اللَّهِ بِغَيْرِ سُلْطَانٍ
أَتَاهُمْ إِنْ فِي صُدُورِهِمْ إِلَّا كِبْرٌ مَا هُمْ بِبَالِغِيهِ
فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ ٥

Innalladziina yujaadiluuna fii aayaatillaahi bighairi sulthaanin ataahum in fii shuduurihim illaa kibrum maa hum bibaalighiihi fasta'idz billaah, innahuu huwas samii'ul bashiir.

57. Sayekti tumitahing Langit lan Bumi iku luwih agung katimbang karo dumadining manungsa, ananging akeh-akehe manungsa iku ora padha mangerti.

٥٧- لَخَلْقُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ أَكْبَرُ مِنْ خَلْقِ النَّاسِ
وَلَكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ٥

Lakhalqus samaawaati wal ardhi akbaru min khalqin naasi walaakinna aktsaran naasi laa ya'lamuun.

58. Lan ora padha wong kang wuta karo wong kang melek. Lan uga ora padha wong-wong kang padha Mu'min tur nindakake laku becik, karo wong kang nindakake laku ala. Sathithik banget wong kang padha ngalap pitutur.

٥٨- وَمَا يَسْتَوِي الْأَعْمَى وَالْبَصِيرُ وَالَّذِينَ آمَنُوا
وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَلَا الْمُسِيءُ قَلِيلًا مَا
تَتَذَكَّرُونَ ٥

Wamaa yastawil a'maa wal bashiir, walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati walal musii-u qaliilam maa tatadzakkaruun.

59. Temen dina Qiyamat iku mesthi kalakon, wus ora bakal kamamangan maneh, nanging akeh-akehe wong ora gelem padha ngandel.

٥٩- إِنَّ السَّاعَةَ لَآتِيَةٌ لَا رَيْبَ فِيهَا وَلَكِنَّ أَكْثَرَ
النَّاسِ لَا يُؤْمِنُونَ ٥

Innas saa'ata la-aatiyatul laa raiba fiihaa walaakinna aktsaran naasi laa yu'minuun.

60. Allah Pangeranira kabeh wus ngandika: "Sira padha nyenyuwuna marang Ingsun, Ingsun kapareng nyembadani marang sira. Sanyata wong-wong kang padha gumedhe suthik 'ibadah marang Ingsun iku bakal padha lumebu ing Neraka Jahanam tur padha ina".

٦٠- وَقَالَ رَبُّكُمُ ادْعُونِي أَسْتَجِبْ لَكُمْ إِنَّ الَّذِينَ
يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِي سَيَدْخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ ٥

Wa qaala rabbukumud'uu nii astajib lakum, innal ladziina yastakbiruuna 'an 'ibaadatii sayadkhuluuna jahannama daakhiriin.

٦١- اَللّٰهُ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الَّيْلَ لِتَسْكُنُوْا فِيْهِ وَالنَّهَارَ مُبْصِرًا ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَذُوْ فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَشْكُرُوْنَ ۝

61. Allah kang wus andadekake wengi iku, kanggo sira kabeh supaya sira padha tentrem lerem ana ing wengi iku, lan andadekake wayah awan iku padhang. Sanyata Allah iku Kagungan kanugrahan kaparingake marang para manungsa, ananging akeh-akehe manungsa iku ora padha gelem syukur.

Allaahul ladzii ja'ala lakumul laila litaskunuu fiihi wannahaara mubshiraa, innallaaha ladzuu fadhlin 'alan naasi walaakinna aktsaran naasi laa yasykuruun.

٦٢- ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ خَالِقُ كُلِّ شَيْءٍ ۖ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ فَاَنّٰى تُؤْفَكُوْنَ ۝

62. Mangkono iku Allah Pangeranira, kang anitahake samubarang, ora ana Pangeran kang sinembah kajaba mung PanjenengaNe piyambak, lan geneya sira kabeh teka padha kablinger?

Dzaalikumul laahu rabbukum khaaliqu kulli syai-in laa ilaaha illaa huwa, fa annaa tu'fakuun.

٦٣- كَذٰلِكَ يُؤْفَكُ الَّذِيْنَ كَانُوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ يَجْحَدُوْنَ ۝

63. Uga kaya mangkono wong-wong kang padha angas ing Ayat-ayate Allah iku anggone wus padha nyelaki.

Kadzaalika yu'fakul ladziina kaanuu biaayaatillaahi yajhaduun.

٦٤- اَللّٰهُ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الْاَرْضَ قَرَارًا وَّالسَّمَآءَ بِنَآءً وَّصَوَّرَكُمْ فَاَحْسَنَ صُوَرَكُمْ وَرَزَقَكُمْ مِّنَ الطَّيِّبٰتِ ۗ ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ ۚ فَتَبٰرَكَ اللّٰهُ رَبُّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

64. Allah kang wus anitahake Bumi kanggo sira kabeh, minangka papanira, lan Langit minangka payon. PanjenengaNe wus maringi rupa ing sira kabeh, dirupakake luwih becik. Sarta PanjenengaNe uga maringi rezeki kang enak-enak marang sira kabeh, kang mangkono iku Allah Pangeranira, Maha Suci Allah kang Mangerani sarta kang Ngitik-itik kabeh ngalam.

Allaahul ladzii ja'ala lakumul ardha qaraaraw wassamaa-a binaa-aw wa shawwarakum fa-ahsana shuwarakum wa razaqakum minath thayyibaat, dzaalikumul-laahu rabbukum, fatabaarakallaahu rabbul 'aalamiin.

٦٥- هُوَ الْحَيُّ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ فَادْعُوْهُ مُخْلِصِيْنَ لَهُ الدِّيْنَ ۗ اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

65. PanjenengaNe iku Sugeng langgeng, ora ana Pangeran kang sejati, kajaba mung PanjenengaNe. Mula sira padha nyenyuwuna marang Allah kanthi murnekake panembah marang PanjenengaNe. Kabeh puja-puji kalawan iku kagungaNe Allah Pangeran kang ngitik-itik 'Alam sakalir.

Huwal hayyu laa ilaaha illaa huwa fad'uuhu mukhlishiina lahud-diin, alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin.

66. Dhawuha sira Muhammad!: "Sanyata aku cinegah nyembah marang Pangeran kang padha sira sembah saliyane Allah, sawuse aku kaparingan tandha yekti kang terang saka ngarsa dalem Allah Pangeranku, lan aku kadhawuhan supaya sumarah marang Allah PangeraNe 'Alam kabeh!

٦٦- قُلْ إِنِّي نُهِيتُ أَنْ أَعْبُدَ الَّذِينَ تَدْعُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ لَمَّا جَاءَنِيَ الْبَيِّنَاتُ مِنْ رَبِّي وَأُمِرْتُ أَنْ أُسْلِمَ لِرَبِّ الْعَالَمِينَ ۝

Qul innii nuhiitu an a'budal ladziina tad'uuna min duuniilaahi lammaa jaa-a niyal bayyinaatu mir-rabbii wa umirtu an uslima lirabbil 'aalamiin.

67. PanjenengaNe Allah kang wus anitahake sira saka lemah, nuli saka mani, nuli saka getih kenthel, PanjenengaNe banjur nglahirake sira kabeh dadi Bayi, ing sabanjure sira nuli dadi Uwong, sampurna kakuwatanira, banjur dadi wong tuwa. Sawenehira ana kang kapunchut nyawane sadurunge tuwa, lan ana uga kang bisa tekan ing mangsa kang wus katamtokake, mulane sira padha mikir-mikira supaya dunung.

٦٧- هُوَ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ يُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوا أَشُدَّكُمْ ثُمَّ لِتَكُونُوا شُيُوخًا وَمِنْكُمْ مَنْ يُتَوَفَّى مِنْ قَبْلُ وَلِتَبْلُغُوا أَجَلًا مُسَمًّى وَلَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ۝

Huwal ladzii khalaqakum min turaabin tsumma min nuthfatin tsumma min 'alaqatin tsumma yukhrijukum thiflan tsumma litablughuu asyuddakum tsumma litakuunuu syuyuukhaa, wa minkum may yutawaffaa min qablu wa litablughuu ajalam musammaw wa la'allakum ta'qiluun.

68. PanjenengaNe kang paring urip lan pati. Nalika PanjenengaNe ngarsakake sawijining perkara, PanjenengaNe mung paring dhawuh: "Anaa!", mangka sakala padha banjur ana!

٦٨- هُوَ الَّذِي يُحْيِي وَيُمِيتُ فَإِذَا قَضَىٰ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُ كُنْ فَيَكُونُ ۝

Huwal ladzii yuhyii wa yumiitu fa-idzaa qadhaa amran fa-innamaa yaquulu lahuu kun fayakuun.

69. Muhammad, apa sira durung sumurup, wong-wong kang ambantah Ayating Allah, sabab apa wong-wong mau padha dienggokake?

٦٩- أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ يُجَادِلُونَ فِي آيَاتِ اللَّهِ أَنَّىٰ يُصْرَفُونَ ۝

Alam tara ilal ladziina yujaadiluuna fii aayaatillaah, annaa yushrafuun.

70. Wong kang padha maido Kitab Suci Quraan, lan Kitab-kitab kang kaampil para UtusanIngsun, mesthi wong-wong mau bakal padha sumurup dhewe katemahane.

٧٠- الَّذِينَ كَذَّبُوا بِالْكِتَابِ وَبِمَا أَرْسَلْنَا بِهِ رُسُلَنَا فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ۝

Alladziina kadzdzabuu bil kitaabi wa bimaa arsalnaa bihii rusulanaa, fasaufa ya'lamuun.

71. Nalika gulune wong-wong iku kinalungan blenggu sarta padha kaseret kalawan rante,

٧١- إِذِ الْأَغْلَٰلُ فِي أَعْنَاقِهِمْ وَالسَّلَاسِلُ يُسْحَبُونَ ۝

Idzil aghlaalu fii a'naaqihim wassalaasilu yus-habuun.

72. Banjur padha dicemplungake ana ing wedang panas, nuli dianggo urub-urube Neraka.

٧٢- فِي الْحَمِيمِ ثُمَّ فِي النَّارِ يُسْجَرُونَ ۝

Fil hamiimi tsumma finnaari yus-jaruun.

73. Nuli ana dhawuh marang wong-wong mau: "Ana ngendi brahala kang padha sira sakuthokake karo Allah?,

٧٣- ثُمَّ قِيلَ لَهُمْ أَيْنَ مَا كُنْتُمْ تُشْرِكُونَ ۝

Tsumma qiila lahum aina maa kuntum tusyrikuun.

74. Yaiku Pangeran kang liyaning Allah". Wong mau padha matur: "Piyambakipun sami boten ngatingal sangajeng kula. Pancen saderengipun punika kula inggih boten gadhah seja nyembah punapa-punapa". Lah hiya kaya mangkono iku anggone Allah nyasarake marang wong kafir mau.

٧٤- مِنْ دُونِ اللَّهِ قَالُوا ضَلُّوا عَنَّا بَلْ لَمْ نَكُنْ نَدْعُو مِنْ قَبْلُ شَيْئًا ۚ كَذَٰلِكَ يُضِلُّ اللَّهُ الْكَافِرِينَ ۝

Min duunillaah, qaaluu dhalluu 'annaa bal lam nakun nad'uu min qablu syai-aa, kadzaalika yudhillul-laahul kaafiriin.

75. Kang mangkono iku marga sira padha among suka ana ing Bumi ora kalawan bener, maneh sabab sira padha ropyan-ropyan andrawina aleluwihan.

٧٥- ذَٰلِكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَفْرَحُونَ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَبِمَا كُنْتُمْ تَمْرَحُونَ ۝

Dzaalikum bimaa kuntum tafrahuuna fil ardhi bighairil haqqi wa bimaa kuntum tamrahuun.

76. Sira padha lumebua ing lawanging Neraka Jahanam, tetep langgeng ana ing kono. Ala temen pangungsene wong kang padha gumedhe.

٧٦- ادْخُلُوا أَبْوَابَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا ۚ فَبِئْسَ مَثْوَى الْمُتَكَبِّرِينَ ۝

Udkhuluu abwaaba jahannama khaalidiina fiihaa, fabi'sa matswal mutakabbiriin.

77. Muhammad, sira disabar! jalaran satemene janjining Allah iku bener, samangsa sira Ingsun weruhake tumuruning sawenehe siksa kang Ingsun ancamake marang dheweke, utawa sira Ingsun pundhut ing sadurunge siksa tumurun, ora wurung mesthi bakal disowanake marang ngarsanIngsun!

٧٧- فَاصْبِرْ إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ ۚ فَإِمَّا نُرِيَنَّكَ بَعْضَ الَّذِي نَعِدُهُمْ أَوْ نَتَوَفَّيَنَّكَ فَإِلَيْنَا يُرْجَعُونَ ۝

Fashbir inna wa'dallaahi haqqun, faimmaa nuriyannaka ba'dhal ladzii na'idu hum au natawaffayannaka fa-ilainaa yurja'uun.

Para Andika Rasul iku ana kang sejarahe kasebut ing Quraan, ana kang ora kasebut!

78. Lan yekti Ingsun wus ngutus para Rasul sadurungira Muhammad, saweneh ana kang wus Ingsun caritakake lan saweneh ana kang durung Ingsun caritakake. Ora ana sawijining Rasul nekakake Ayat kajaba kalawan idzine Allah. Ing nalika parintahe Allah teka ing kono banjur dirampungi kalawan bener, wong ahli tumindak batal, tetep padha kapitunan.

٧٨- وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلًا مِّن قَبْلِكَ مِنْهُم مَّن قَصَصْنَا
عَلَيْكَ وَمِنْهُم مَّن لَّمْ نَقْصُصْ عَلَيْكَ ۗ وَمَا كَانَ
لِرَسُولٍ أَن يَأْتِيَ بِآيَةٍ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ ۚ فَإِذَا جَاءَ
أَمْرُ اللَّهِ قُضِيَ بِالْحَقِّ وَخَسِرَ هُنَالِكَ الْمُبْطِلُونَ ۝

Walaqad arsalnaa rusulam min qablika minhum man qashashnaa 'alaika wa minhum mal-lam naqshush 'alaika, wamaa kaana lirasuulin ay ya'tiya biaayatin illaa bi-idznillaah, fa-idzaa jaa-a amrullaahi qudhiya bil haqqi wa khasira hunaalikal mubthiluun.

Akeh suri tuladha saka sejarah ummat-ummat jaman kuna.

79. Allah pribadi kang andadekake rajakaya iku kanggo sira kabeh, sawenehe sira anggo tetunggangan lan sawenehe padha sira pangan.

٧٩- اللَّهُ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَنْعَامَ لِتَرْكَبُوا مِنْهَا وَمِنْهَا
تَأْكُلُونَ ۝

Allaahul ladzii ja'ala lakumul an'aama litarkabuu minhaa wa minhaa ta'kuluun.

80. Lan isih akeh maneh manfa'ate rajakaya mau kanggo butuhira kabeh, lan sira tunggangi kanggo nyukupake kabutuhan sakarep-ing atinira, lan sira wus padha dilulusake nunggang ing atase rajakaya ana ing dharatan, lan ana ing prahu sira tunggangake ana ing Segara.

٨٠- وَلَكُمْ فِيهَا مَنَافِعُ وَلِتَبْلُغُوا عَلَيْهَا حَاجَةً فِي
صُدُورِكُمْ وَعَلَيْهَا وَعَلَى الْفُلْكِ تُحْمَلُونَ ۝

Walakum fiihaa manaafi'u wa litablughuu 'alaihaa haajatan fii shuduurikum wa 'alaihaa wa 'alal fulki tuhmaluun.

81. Lan Allah meruhake Ayat tandha yektiNe marang sira kabeh. Ing wusana sira padha nyelaki Ayate Allah sing endi?

٨١- وَيُرِيكُمْ آيَاتِهِ ۖ فَأَيَّ آيَاتِ اللَّهِ تُنكِرُونَ ۝

Wa yuriikum aayaatihii fa-ayyaa aayaatillaahi tunkiruun.

82. Apa wong-wong iku durung njajah Negara, nuli padha andeleng nyatitekake kapriye kawusanane wong-wong ing jaman kuna, kancane luwih akeh katimbang karo dheweke, kang saiki kafir, sarta luwih santosa kakuwatane, apa dene padha anduweni tapak tilas akeh ana ing Bumi. Ewa samono reka daya kang wus padha ditindakake ora bisa nyukupi marang dheweke.

٨٢- أَفَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنظُرُوا كَيْفَ كَانَ
عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ كَانُوا أَكْثَرَ مِنْهُمْ وَأَشَدَّ
قُوَّةً وَآثَارًا فِي الْأَرْضِ فَمَا أَغْنَىٰ عَنْهُم مَّا كَانُوا
يَكْسِبُونَ ۝

Afalam yasiiruu fil ardhi fayanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul ladziina min qablihim, kaanuu aktsara minhum wa asyadda quwwataw wa aatsaaran fil ardhi famaa aghnaa 'anhum maa kaanuu yaksibuun.

٨٣- فَلَمَّا جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِالْبَيِّنَٰتِ فَرِحُوا۟ بِمَا عِندَهُم مِّنَ الْعِلْمِ وَحَاقَ بِهِم مَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ۝

Falammaa jaa-at-hum rusuluhum bil bayyinaati farihuu bimaa 'indahum minal 'ilmi wa haaqa bihim maa kaanuu bihii yas-tahzi-uun.

83. Bareng wong-wong iku karawuhan para UtusaNe sing nuduhake tandha yekti kang pratela, padha bungah suka-suka, sabab saka kapinterane,[879] ing kono nuli padha katurunan pituwase siksa anggone padha moyoki (ngremehake Agama).

Iman nalika siksa wus teka, ora piguna!

٨٤- فَلَمَّا رَأَوْا۟ بَأْسَنَا قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا بِاللَّهِ وَحْدَهُۥ وَكَفَرْنَا بِمَا كُنَّا بِهِۦ مُشْرِكِينَ ۝

Falammaa ra-au ba'sanaa qaaluu aamannaa billaahi wahdahuu wa kafarnaa bimaa kunnaa bihii musyrikiin.

84. Bareng wong-wong iku sumurup siksanIngsun, nuli padha ngucap: "Kula sadaya sami pitados dhumateng Allah piyambak, tuwin kula sadaya sami kafir dhateng brahala ingkang sami kula sakuthokaken".

٨٥- فَلَمْ يَكُ يَنفَعُهُمْ إِيمَٰنُهُمْ لَمَّا رَأَوْا۟ بَأْسَنَا ۖ سُنَّتَ ٱللَّهِ ٱلَّتِى قَدْ خَلَتْ فِى عِبَادِهِۦ ۖ وَخَسِرَ هُنَالِكَ ٱلْكَٰفِرُونَ ۝

Falam yaku yanfa'uhum iimaanuhum lammaa ra-au ba'sanaa, sunnatallaahil latii qad khalat fii 'ibaadihii wa khasira hunaalikal kaafiruun.

85. Imane wong-wong mau wus ora piguna! jer wus padha weruh Neraka siksanIngsun ana ngarepe: Iku wus dadi katamtuan padataning Allah kang wus kalakon sinandhangake marang para kawulaNe. Ana ing kono wong-wong kafir padha kapitunan!

***)

---

879). Maksudipun bilih tiyang ingkang ngendel-endelaken ilmu tehnologi modern sapunika thok, tanpa ngengeti ilmu-ilmu sosial sanesipun, sarta ilmu lingkunganing dumadinipun manungsa lan alam jagad raya, saestu badhe kuciwa ing tembe wingkingipun. Sabab sainggil-inggilipun peksi blekok miber, tamtu badhe neba, wangsul ing blethokan malih! Makaten ibaratipun! Dene manawi dipun aturaken sarana rerakitan atur sanes, kados pamrayogi saking Prof. Albert Einstein (ing kitab "Out of my later year): "By painful experience we have learnt that rational thinking does not suffice to solve the problems of our social lige. Penetrating research and keen scientific, producing, on the one hand, inventions which liberated man from ixhausingting physical labour, making his life easier and richer; but on other hand, introducing a grave restlessness into his life, making him a slave to his technological environment, and - most catrastrophic of all - creating the means for his own mass destruction. This, indeed, is a tragedy of over whelming poignancy! (Kita sami sampun nyumerapi saking pengalaman pahit, bilih pikiran rasional punika boten amumpuni ngrampungaken babagan panggesangan sosial manungsa. Penelitian ingkang dakik-dakik sarta ilmiyah ingkang hebat sampun sering sanget anjalari kasangsaraning manungsa, ing sapehak manggih cara utawi pamanggih ingkang merdikakaken manungsa saking makaryaaken badan ingkang awrat-awrat, nyebabaken enggal sugih lan mayar; kosok wangsulipun inggih pamanggih wau nyebabaken manungsa sanget anggenipun tansah melang-melang, manungsa dados batur tukon ing lingkungan tehnik, sarta ingkang langkung sangsara malih, damel pirantos kangge ngrisak ageng-agengan sasamining titah. Inggih punika satunggaling tragedi ingkang damel kekesing manah!).
Dados cetha sanget pikiran ingkang damel ilmu punika kedah dipun kontrol dening manah (jiwa) ingkang ngestokaken piwucaling Agami, supados wonten timbangipun kamakmuran ilmu lan jiwa, sarta kamakmuran tehnik lan agami, utawi kamakmuran material lan sepiritual! Wallaahu a'lam.

***). Katerangan ing ngandhap punika salugu nerangaken sawatawis intisari lan interkorelasi (sesambetan rembag ingkang manunggil ing ancas tujuan) antawisipun surat Al Mu'min kalayan surat Fushshilat kirang langkung makaten:

1. Kakalihipun sami dene anerangaken sipat-sipatipun Kitab Al Quraan.
2. Tansah paring pepenget dhateng kafir Quraisy (Mekkah) ingkang tansah maiben lan mengsahi Da'wah Islamiyah ingkang dipun asta dening Nabi lan Rasul Panutup, Muhammad s.a.w. Pramila manawi piwulang sae saking Agami Islam kagalih dereng cetha, kula aturi ingkang kerep sering maos Kitab Tafsir Quraan! Mugi-mugi Gusti Allah paring padhang penggalihipun para sutrisna sadaya, amin!

FUSHSHILAT (KANG DIGAMBLANGAKE)

Surat kaping 41 : 54 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat Al Mu'min

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Haa Miim (Hamung ngarsa dalem Allah piyambak kang Nupiksa maksude).

١ - حٰمٓ ۝

Haa Miim.

2. Kitab Al Quraan iku kang tinurunake saka ngarsaNe Pangeran kang Maha Murah, Maha Asih.

٢ - تَنْزِيْلٌ مِّنَ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Tanziilum minar rahmaanir rahiim.

3. Yaiku Kitab Suci Al Quraan kang anerangake Ayate Allah nganggo basa 'Arab, kalawan wijang, marang wong kang padha duwe pangerten.

٣ - كِتٰبٌ فُصِّلَتْ اٰيٰتُهٗ قُرْاٰنًا عَرَبِيًّا لِّقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ۝

Kitaabun fushshilat aayaatuhuu qur-aanan 'arabiyyal liqaumiy ya'lamuun.

4. Ambebungah marang wong Mu'min, lan ngelingake marang wong kafir, ananging akeh-akehe wong iku, iya dheweke kuwi padha malengos ora padha anggatekake.

٤ - بَشِيْرًا وَّنَذِيْرًا فَاَعْرَضَ اَكْثَرُهُمْ فَهُمْ لَا يَسْمَعُوْنَ ۝

Basyiiraw wa nadziiraa, fa-a'radha aktsaruhum fahum laa yasma'uun.

5. Pangucape: "Manah kula punika pancen wonten tutupipun, nebihaken saking timbalan panjenengan dhateng kula, tuwin kuping kula ugi wonten sumpelipun, lan ing antawis kula kaliyan panjenengan wonten aling-alingipun. Mila mangga panjenengan tumindak piyambak, kula inggih tumindak piyambak-piyambak".

٥ - وَقَالُوْا قُلُوْبُنَا فِيْٓ اَكِنَّةٍ مِّمَّا تَدْعُوْنَآ اِلَيْهِ وَفِيْٓ اٰذَانِنَا وَقْرٌ وَّمِنْۢ بَيْنِنَا وَبَيْنِكَ حِجَابٌ فَاعْمَلْ اِنَّنَا عٰمِلُوْنَ ۝

Wa qaaluu quluubunaa fii akinnatim mimmaa tad'uunaa ilaihi wa fii aadzaaninaa waqruw wamim baininaa wa bainika hijaabun fa'mal innanaa 'aamiluun.

6. Muhammad, sira dhawuha!: "Aku iki manungsa kaya sira kabeh, mung wae aku diparingi wahyu, mungguh satemene Pangeranira iku Pangeran kang Suwiji. Sira padha tumindaka, jujur ngestokake dhawuhe lan nyuwuna ngapura marang PanjenengaNe, lan Neraka Wail iku gadhangane wong kang padha musyrik.

٦- قُلْ إِنَّمَآ أَنَا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوحَىٰٓ إِلَيَّ أَنَّمَآ إِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ فَٱسْتَقِيمُوٓا۟ إِلَيْهِ وَٱسْتَغْفِرُوهُ ۗ وَوَيْلٌ لِّلْمُشْرِكِينَ ٥

Qul innamaa anaa basyarum mitslukum yuuhaa ilayya annamaa ilaahukum ilaahuw waahidun fastaqiimuu ilaihi wastaghfiruuhu wa wailul lil-musyrikiin.

7. Yaiku wong-wong kang ora padha gelem aweh Zakat, lan kafir maido marang Akherat.

٧- ٱلَّذِينَ لَا يُؤْتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَهُم بِٱلْءَاخِرَةِ هُمْ كَٰفِرُونَ ٥

Alladziina laa yu'tuunaz zakaata wa hum bil aakhirati hum kaafiruun.

8. Sanyata wong-wong kang Mu'min, lan nindakake laku becik, wong-wong iku padha pinaringan ganjaran kang tanpa pedhot!

٨- إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُمْ أَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُونٍ ٥

Innal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lahum ajrun ghairu mamnuun.

Allah anitahake Langit lan Bumi ana ing pirang-pirang periode.

9. Muhammad, sira dhawuha: "Teka sira padha kafir marang Dzat kang nitahake Bumi sajerone rong dina,[880] sira padha nyekuthokake marang Allah". Allah kang nitahake mangkono iku Dzat kang mangerani sarta kang ngitik-itik 'Alam kabeh.

٩- قُلْ أَئِنَّكُمْ لَتَكْفُرُونَ بِٱلَّذِى خَلَقَ ٱلْأَرْضَ فِى يَوْمَيْنِ وَتَجْعَلُونَ لَهُۥٓ أَندَادًا ۚ ذَٰلِكَ رَبُّ ٱلْعَٰلَمِينَ ٥

Qul a-innakum latakfuruuna billadzii khalaqal ardha fii yaumaini wa taj'aluuna lahuu andaadaa, dzaalika rabbul 'aalamiin.

880). Wonten ayat punika katerangaken tumitahing Bumi kalih dinten (mangsa), dene wonten ayat candhakipun, bakdanipun kalih dinten malih, dados sekawan dinten (mangsa); lajeng Gusti Allah anyampurnakaken sarana wontenipun Redi, Angin, Latu, Hawa, Lepen, Tetanenan lan Sato-kewan (Flora & Fauna) supados dados rezekinipun para manungsa sadaya; makaten suraosing ayat 9 - 12. Pramila saged kapendhet hikmah kawigatosanipun, inggih punika tumitahing sadaya makhluk punika wonten periode-periodenipun. Makaten ugi ambangun Negara lan Bangsa ing sadaya gatranipun (sosial, budaya, ekonomi, politik, militer, agami) punika kedah wonten wragadipun milyunan sarta ambektahaken tiyang ahli kathah sanget, lan kedah wonten pimpinan ingkang jejeripun dados menejer, ingkang manunggalaken komandho sarta kuwaos lan wenang nitipriksa hasil-hasilipun pembangunan. Periode satunggal dhateng Periode sambetipun kedah wonten koordinasi, integrasi, sinkronisasi lan harmonisasi. Kenging punapa kedah makaten? Supados boten wonten barang muspra, boten wonten barang satunggal ingkang cecer, lan paedah manfangatipun saged murakabi. Makaten dhuh para maos, manawi kita manungsa purun nalar-nalar tumitahing 'Alam Jagad Raya, saestu ageng sanget manfangatipun, lan insaf kita bilih taksih kathah ingkang dereng kabikak dening ilmu tehnologi modern wewadosipun 'Alam peparingipun Allah ingkang murbeng Jagad.

10. PanjenengaNe wus andokokake Gunung gedhe-gedhe ana ing Bumi, tumancep kukuh ing dhuwure, lan paring kabecikan akeh ana ing Bumi, lan namtokake rezeki-rezekiNe ana ing sajeroning patang mangsa, kalawan sampurna, jodho tumrap wong kang merlokake.

١٠- وَجَعَلَ فِيهَا رَوَاسِيَ مِنْ فَوْقِهَا وَبَارَكَ فِيهَا وَقَدَّرَ فِيهَا أَقْوَاتَهَا فِي أَرْبَعَةِ أَيَّامٍ ۖ سَوَاءً لِّلسَّائِلِينَ ۝

Wa ja'ala fiihaa rawaasiya min fauqihaa wa baaraka fiihaa wa qaddara fiihaa aqwaatahaa fii arba'ati ayyaam, sawaa-al lissaa-iliin.

11. PanjenengaNe nuli nedya anitahake Langit, Langit mau sakawit isih awujud kukus (kebul), PanjenengaNe nuli paring dhawuh marang Langit lan Bumi: "Sira sakaloron padha ngestokna sarana manut utawa sarana kapeksa". Sakarone padha matur: "Kula ngestokaken dhawuh kalayan ta'at (manut)".

١١- ثُمَّ اسْتَوَىٰ إِلَى السَّمَاءِ وَهِيَ دُخَانٌ فَقَالَ لَهَا وَلِلْأَرْضِ ائْتِيَا طَوْعًا أَوْ كَرْهًا قَالَتَا أَتَيْنَا طَائِعِينَ ۝

Tsummas tawaa ilas samaa-i wahiya dukhaanun faqaala lahaa wa lil-ardhi' tiyaa thau'an au karhan, qaalataa atainaa thaa-i'iin.

12. Nuli PanjenengaNe mutus nitahake Langit pitung sap ana sajeroning rong dina, sarta paring Wahyu pituduHe marang saben-saben Langit mau. Lan Ingsun wus maesi Langiting Donya kalawan Lintang-lintang kaya dene damer minangka pangreksa! Kaya mangkono mau wus dadi papasthining Allah Dzat kang Maha Mulya tur Maha Wikan!

١٢- فَقَضَاهُنَّ سَبْعَ سَمَاوَاتٍ فِي يَوْمَيْنِ وَأَوْحَىٰ فِي كُلِّ سَمَاءٍ أَمْرَهَا ۚ وَزَيَّنَّا السَّمَاءَ الدُّنْيَا بِمَصَابِيحَ ۖ وَحِفْظًا ۚ ذَٰلِكَ تَقْدِيرُ الْعَزِيزِ الْعَلِيمِ ۝

Faqadhaahunna sab'a samaawaatin fii yaumaini wa auhaa fii kulli samaa-in amrahaa, wa zayyannas samaa-ad dunyaa bimashaabiiha wa hifzhaa, dzaalika taqdiirul 'aziizil 'aliim.

Pepeling tumrap wong Quraisy Mekkah bab lelakone kaum 'Aad lan kaum Tsamud.

13. Manawa wong iku padha malengos, sira dhawuha: "Aku ngelingake ing sira kabeh kadadeyan petak jeritane Malaikat Jibril yaiku siksa, kaya siksane kaum 'Aad lan Tsamud.

١٣- فَإِنْ أَعْرَضُوا فَقُلْ أَنذَرْتُكُمْ صَاعِقَةً مِّثْلَ صَاعِقَةِ عَادٍ وَثَمُودَ ۝

Fa-in a'radhuu faqul andzartukum shaa-'iqatam mitsla shaa'iqati 'aadiw wa tsamuud.

14. Yaiku nalika padha karawuhan para Utusan kang aweh pitutur saka ngarep lan burine, tembunge: "Sira aja padha nyembah kajaba marang Allah piyambak!". Wangsulane: "Manawi Pangeran kula angersakaken, tamtu Panjenenganipun anurunaken Malaikat kadadosaken Utusan. Saestunipun kula sadaya punika sami kafir, kafir dhateng pengaken panjenengan dados Utusan punika!".

١٤- إِذْ جَآءَتْهُمُ الرُّسُلُ مِنۢ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ وَمِنْ خَلْفِهِمْ أَلَّا تَعْبُدُوٓا۟ إِلَّا ٱللَّهَ ۖ قَالُوا۟ لَوْ شَآءَ رَبُّنَا لَأَنزَلَ مَلَٰٓئِكَةً فَإِنَّا بِمَآ أُرْسِلْتُم بِهِۦ كَٰفِرُونَ ۝

Idz jaa-athumur rusulu mim baini aidiihim wamin khalfihim allaa ta'buduu illallaah, qaaluu lau syaa-a rabbunaa la-anzala malaa-ikatan fa-innaa bimaa ursiltum bihii kaafiruun.

15. Dene kaum 'Aad iku padha gumedhe ana ing Bumi tanpa nganggo bener, lan padha ngucap: "Sapa kang luwih kuwat ngungkuli aku kabeh?". Apa wong-wong iku ora sumurup manawa Allah kang anitahake dheweke iku kang luwih kuwat, tinimbang dheweke, lan wong-wong iku padha angas marang Ayat-ayatIngsun.

١٥- فَأَمَّا عَادٌ فَٱسْتَكْبَرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ بِغَيْرِ ٱلْحَقِّ وَقَالُوا۟ مَنْ أَشَدُّ مِنَّا قُوَّةً ۖ أَوَلَمْ يَرَوْا۟ أَنَّ ٱللَّهَ ٱلَّذِى خَلَقَهُمْ هُوَ أَشَدُّ مِنْهُمْ قُوَّةً ۖ وَكَانُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا يَجْحَدُونَ ۝

Fa-ammaa 'aadun fastakbaruu fil ardhi bighairil haqqi wa qaaluu man asyaddu minnaa quwwah, awalam yarau annal=laahal ladzii khalaqahum huwa asyaddu minhum quwwah, wa kaanuu bi-aayaatinaa yajhaduun.

16. Ingsun banjur angutus angin tufan marang kaum 'Aad, niup teterusan sajerone sawatara dina, dheweke padha Ingsun icipake siksa kang ngesorake ana ing panguripan Donya. Lan temen siksa Akherat iku luwih anggone ngesorake, lan dheweke ora padha tinulungan!

١٦- فَأَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِيحًا صَرْصَرًا فِىٓ أَيَّامٍ نَّحِسَاتٍ لِّنُذِيقَهُمْ عَذَابَ ٱلْخِزْىِ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ وَلَعَذَابُ ٱلْءَاخِرَةِ أَخْزَىٰ ۖ وَهُمْ لَا يُنصَرُونَ ۝

Fa-arsalnaa 'alaihim riihan sharsharan fii ayyaamin nahisaatil linudziiqahum 'adzaabal khizyi fil hayaatid dunyaa, wa la'adzaabul aakhirati akhzaa wahum laa yunsharuun.

17. Dene kaum Tsamud, wus Ingsun paringi pituduh, ing wusana padha dhemen wuta atine, ora dhemen pituduh Ingsun, mulane padha Ingsun patrapi siksa kang nginakake, yaiku kalawan petak panjerite Malaikat Jibril, jalaran saka polahe kang wus padha dilakoni.

١٧- وَأَمَّا ثَمُودُ فَهَدَيْنَٰهُمْ فَٱسْتَحَبُّوا۟ ٱلْعَمَىٰ عَلَى ٱلْهُدَىٰ فَأَخَذَتْهُمْ صَٰعِقَةُ ٱلْعَذَابِ ٱلْهُونِ بِمَا كَانُوا۟ يَكْسِبُونَ ۝

Wa ammaa tsamuudu fahadainaahum fastahabbul 'amaa 'alal hudaa fa-akhadzahum shaa'iqatul 'adzaabil huuni bimaa kaanuu yaksibuun.

18. Lan Ingsun nylametake marang wong-wong kang padha iman, lan padha wedi (bekti) marang Allah.

١٨- وَنَجَّيْنَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَكَانُوا۟ يَتَّقُونَ ۝

Wa najjainal ladziina aamanuu wa kaanuu yattaquun.

Saben anggotane awak bakal dadi saksi ing Akherat, apa lakune ing Donya biyen.

19. Lan elinga! ing besuk dina Qiyamat nalikane para satrune Allah digiring menyang Neraka, pepanthan kang ngarep dhewe diendheg ngenteni pepanthan sing ana ing buri,

١٩- وَيَوْمَ يُحْشَرُ أَعْدَآءُ ٱللَّهِ إِلَى ٱلنَّارِ فَهُمْ يُوزَعُونَ ۝

Wa yauma yuhsyaru a'daa-ullaahi ilan naari fahum yuuza'uun.

20. Nganti yen wus padha tekan ing Neraka, tumuli pangrungune, pandelenge, lan kulite padha nekseni 'amal apa bae kang wus padha dilakoni.

٢٠- حَتَّىٰٓ إِذَا مَا جَآءُوهَا شَهِدَ عَلَيْهِمْ سَمْعُهُمْ وَأَبْصَٰرُهُمْ وَجُلُودُهُم بِمَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ۝

Hattaa idzaa maa jaa-uuhaa syahida 'alaihim sam'uhum wa abshaaruhum wa juluuduhum bimaa kaanuu ya'maluun.

21. Wong mau ngucap marang kulite dhewe: "Kena apa kowe padha nekseni marang awakku?". Kulite mangsuli: "Aku wus diparingi bisa guneman dening Allah, Allah kuwasa paring pangucap marang sakabehe barang, lan PanjenengaNe Allah iku kang wus nitahake sira kabeh wiwit wiwitan, lan mung marang Ngarsane, sira bakal padha disowanake".

٢١- وَقَالُوا لِجُلُودِهِمْ لِمَ شَهِدتُّمْ عَلَيْنَا ۖ قَالُوا
أَنطَقَنَا اللَّهُ الَّذِي أَنطَقَ كُلَّ شَيْءٍ وَهُوَ خَلَقَكُمْ
أَوَّلَ مَرَّةٍ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ۝

Wa qaaluu lijuluudihim lima syahidtum 'alainaa, qaaluu anthaqanal-laahul ladzii anthaqa kulla syai-un wahuwa khalaqakum awwala marratiw wa ilaihi turja'uun.

22. He manungsa, sira ora bisa singidan murih ora sineksenan dening pangrungunira, pandelengira, lan kulitira dhewe, katandha sira wus padha ngira manawa Allah ora Nguningani sakehing tindak kang padha sira lakoni.

٢٢- وَمَا كُنتُمْ تَسْتَتِرُونَ أَن يَشْهَدَ عَلَيْكُمْ سَمْعُكُمْ
وَلَا أَبْصَارُكُمْ وَلَا جُلُودُكُمْ وَلَٰكِن ظَنَنتُمْ أَنَّ
اللَّهَ لَا يَعْلَمُ كَثِيرًا مِّمَّا تَعْمَلُونَ ۝

Wamaa kuntum tastatiruuna ay-yasyhada 'alaikum sam'ukum walaa abshaarukum walaa juluudukum walaakin zhanantum annallaaha laa ya'lamu katsiiram mimmaa ta'maluun.

23. Panyananira marang Pangeranira kang mangkono iku, dadi ngrusakake awakira dhewe, satemah sira kabeh dadi golongane wong kang padha kapitunan.

٢٣- وَذَٰلِكُمْ ظَنُّكُمُ الَّذِي ظَنَنتُم بِرَبِّكُمْ أَرْدَاكُمْ
فَأَصْبَحْتُم مِّنَ الْخَاسِرِينَ ۝

Wa dzaalikum zhannukumul ladzii zhanantum birabbikum ardaakum fa-ashbahtum minal khaasiriin.

24. Manawa ahli Neraka iku padha betah ana ing siksa, pancen Neraka iku dadi panggonane, dene manawa padha golek karidhaning Allah, mangka ora bisa kelakon oleh karidhan.

٢٤- فَإِن يَصْبِرُوا فَالنَّارُ مَثْوًى لَّهُمْ ۖ وَإِن يَسْتَعْتِبُوا
فَمَا هُم مِّنَ الْمُعْتَبِينَ ۝

Fa-iy yashbiruu fannaaru matswal lahum wa-iy yasta'tibuu famaa hum minal mu'tabiin.

٢٥- وَقَيَّضْنَا لَهُمْ قُرَنَاءَ فَزَيَّنُوا لَهُمْ مَا بَيْنَ
أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَحَقَّ عَلَيْهِمُ الْقَوْلُ
فِي أُمَمٍ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهِمْ مِنَ الْجِنِّ وَالْإِنْسِ
إِنَّهُمْ كَانُوا خَاسِرِينَ ۝

25. Dheweke wus Ingsun kantheni para kancane, kancane mau banjur padha ngrenga dheweke dadi nyawang becik, apa kang ana ing sangarepe lan burine, lan tetep papesthening siksa marang wong-wong mau, kaya dene kang wus kalakon, marang ummat kang wus kapungkur, saka bangsaning jin lan manungsa. Temen dheweke iku wong-wong kang padha kapitunan.

Wa qayyadhnaa lahum quranaa-a fazayyanuu lahum maa baina aidiihim wamaa khalfahum wa haqqa 'alaihimul qaulu fii umamin qad khalat min qablihim minal jinni wal insi, innahum kaanuu khaasiriin.

Piwalesing Allah marang wong kafir, lan paring ganjaran marang wong Mu'min.

٢٦- وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لَا تَسْمَعُوا لِهَٰذَا الْقُرْآنِ
وَالْغَوْا فِيهِ لَعَلَّكُمْ تَغْلِبُونَ ۝

26. Wong-wong kafir padha ngucap: "Sira aja padha anggatekake Quraan iki! padha gawenen gidhuh bae,[881] mbokmanawa sira malah bisa oleh kamenangan".

Wa qaalal ladziina kafaruu laa tasma'uu lihaadzal qur-aani wal ghaufiihi la-'allakum taghlibuun.

٢٧- فَلَنُذِيقَنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا عَذَابًا شَدِيدًا وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ
أَسْوَأَ الَّذِي كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

27. Yekti Ingsun bakal ngicipake siksa kang abot marang wong-wong kang padha kafir, sarta Ingsun wales ngamale ala, kang wus padha katindakake.

Falanudziiqannal ladziina kafaruu 'adzaaban syadiidaw wa lanajziyannahum aswa-al ladzii kaanuu ya'maluun.

٢٨- ذَٰلِكَ جَزَاءُ أَعْدَاءِ اللَّهِ النَّارُ لَهُمْ فِيهَا دَارُ
الْخُلْدِ جَزَاءً بِمَا كَانُوا بِآيَاتِنَا يَجْحَدُونَ ۝

28. Kang mangkono iku wawalese para mungsuhe Allah, padha dibubuhi Neraka, padha manggon tetep ana ing kono, minangka dadi piwalese anggone padha angas (ingkar) marang Ayat-ayat Ingsun.

Dzaalika jazaa-u a'daa-illaahin naaru lahum fiihaa daarul khuldi jazaa-am bimaa kaanuu bi-aayaatinaa yajhaduun.

881). **Maksudipun tiyang kafir, manawi Quraan dipun waos supados dipun damel gidhuh, supados supados Da'wah Islam surem, lajeng ajaranipun tiyang kafir menang.**

29. Wong-wong kafir ana ing Neraka padha matur: "Dhuh Pangeran kula, mugi paduka nedahaken ing kula kalih golongan saking jin lan manungsa ingkang sampun nyasaraken kula, badhe kula icak-icak ing sangandhaping dlamakan kula, supados kalebet tetiyang ingkang sami asor".

٢٩- وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا رَبَّنَا أَرِنَا الَّذَيْنِ أَضَلَّانَا
مِنَ الْجِنِّ وَالْإِنسِ نَجْعَلْهُمَا تَحْتَ أَقْدَامِنَا
لِيَكُونَا مِنَ الْأَسْفَلِينَ ٥

Wa qaalal ladziina kafaruu rabbanaa arinal ladziina adhallaanaa minal jinni wal insi naj'alhumaa tahta aqdaaminaa liyakuunaa minal asfaliin.

30. Satemene wong-wong kang padha ngucap: "Pangeran kula punika Allah", ing sabanjure padha gelem tumindak jejeg, ing kono para Malaikat tumurun, tembunge: "Sampeyan sampun sumelang, tuwin sampun sisah, kula aturi bingah kemawon wonten ing Suwarga ingkang sampun kagadhangaken dhumateng sampeyan". 882)

٣٠- إِنَّ الَّذِينَ قَالُوا رَبُّنَا اللَّهُ ثُمَّ اسْتَقَامُوا تَتَنَزَّلُ
عَلَيْهِمُ الْمَلَائِكَةُ أَلَّا تَخَافُوا وَلَا تَحْزَنُوا وَأَبْشِرُوا
بِالْجَنَّةِ الَّتِي كُنتُمْ تُوعَدُونَ ٥

Innalladziina qaaluu rabbunallaahu tsummastaqaamuu tatanazzalu 'alaihimul malaa-ikatu allaa takhaafuu walaa tahzanuu wa absyiruu bil jannatil latii kuntum tuu'aduun.

31. Tembunge para Malaikat: "Kula sadaya minangka mitra panjenengan wonten ing Donya ngriki lan wonten ing Akherat. Wonten ing Suwarga punapa ingkang dados pepenginan manah panjenengan sampun cumawis, saha punapa panyuwun panjenengan badhe kaleksanan.

٣١- نَحْنُ أَوْلِيَاؤُكُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَفِي الْآخِرَةِ
وَلَكُمْ فِيهَا مَا تَشْتَهِي أَنفُسُكُمْ وَلَكُمْ فِيهَا مَا
تَدَّعُونَ ٥

Nahnu auliyaa-ukum fil hayaatid dunyaa wa fil aakhirati wa lakum fiihaa maa tasytahii anfusukum wa lakum fiihaa maa tadda'uun.

882) Pangayubagyanipun para Malaikat punika damel bingahipun tiyang calon pendhudhuk Suwarga, sami kaucapaken wonten ing 'alam kubur sasampunipun para sadherek ingkang nglayat (ta'ziyah) dumugi pasarean sami wangsul. Pramila dipun utamekaken (sunnat) sabakdanipun jenazah dipun kubur, lajeng sesarengan dipun dongaken: "Dhuh Gusti Allah! Mugi-mugi sadherek kita almarhum (almarhumah) punika katampia sadaya amal shalihipun, dipun apuntena sadaya dosa kalepatanipun, lan dipun paringana tetep iman, sabar, lan tawakkal sadaya ahli warisipun, amin, amin, Ya Robbal 'aalamin!" Makaten ugi para Malaikat sami andongaken, kados ingkang kaweca ing ayat 31 - 32. Sumonggo para sutrisna, swawi sami anetepana syari'at Islam, insya Allah dumugi ing jaman Kalanggengan (Qiyamat), tetep kita sami dados golonganipun Ummat Muhammad s.a.w. ingkang sami karidhan ing ngarsa dalem Allah SWT.

32. Minangka sugata panjenengan saking ngarsa dalem Allah, Dzat ingkang Rena paring pangaksama tur Maha Asih".

٣٢- نُزُلًا مِّنْ غَفُورٍ رَّحِيمٍ ۝

Nuzulam min ghafuurir rahiim.

Quraan iku pituduh lan tamba.

33. Sapa ta wong kang luwih becik guneme katimbang karo wong kang ajak-ajak netepi Agamane Allah, tur dheweke dhewe hiya gelem nindakake laku becik mau, lan ngucap: "Satemene aku iki golongane wong kang sumarah"?

٣٣- وَمَنْ أَحْسَنُ قَوْلًا مِّمَّنْ دَعَآ إِلَى اللهِ وَعَمِلَ صَالِحًا وَّقَالَ إِنَّنِيْ مِنَ الْمُسْلِمِيْنَ ۝

Waman ahsanu qaulam mimman da'aa ilallaahi wa 'amila shaalihaw wa qaala innanii minal muslimiin.

34. Becik karo ala iku ora padha! Muhammad, sira nulaka kang ala iku nganggo cara kang luwih becik. Manawa kaya mangkono kahananira, satemah wong kang maune mungsuh karo sira, satemah banjur dadi kaya dene sedulur kang sinara wedi! 883)

٣٤- وَلَا تَسْتَوِي الْحَسَنَةُ وَلَا السَّيِّئَةُ ادْفَعْ بِالَّتِيْ هِيَ أَحْسَنُ فَإِذَا الَّذِيْ بَيْنَكَ وَبَيْنَهُ عَدَاوَةٌ كَأَنَّهُ وَلِيٌّ حَمِيْمٌ ۝

Walaa tastawil hasanatu walas-sayyi-atu idfa' billatii hiya ahsanu fa-idzal ladzii bainaka wa bainahuu 'adaawatun ka-annahuu waliyyun hamiim.

35. Sifat-sifat kang utama kasebut, ora diparingake kajaba marang wong kang padha sabar, lan ora diparingake kajaba marang wong kang anduweni kabegjan bebuden kang agung!

٣٥- وَمَا يُلَقَّاهَآ إِلَّا الَّذِيْنَ صَبَرُوْا وَمَا يُلَقَّاهَآ إِلَّا ذُوْ حَظٍّ عَظِيْمٍ ۝

Wamaa yulaqqaahaa illal ladziina shaba-ruu wamaa yulaqqaahaa illaa dzuu hazhzhin 'azhiim.

883) **Tumindak kasaenan punika warni-warni, sarana bandha bau, lan pikir, sadaya dados amal shaleh wonten ngarsaning Allah lan masyarakat. Makaten ugi tumindak awon. Framila sami-sami tumindak, mbok inggiha tumindak sae mugi dipun tandhingana tumindak ingkang langkung sae, lan tumindak awon, dipun tandhingana tumindak ingkang sae sarta sarana cara ingkang sae. Manawi makaten, mangke mengsah, saged ambalik dados mitra ingkang sinarawedi! Inggih tiyang ingkang watak makaten punika, ingkang kagungan bebuden luhur, bebudenipun para priyagung utawi watak wantuning Pemimpin. Punapa ta bebuden luhur punika? Ngendikanipun saudara wredha = Kang aran bebuden luhur = dudu pangkat dudu ngelmi, sarta dudu kepinteran, lan dudu para winasis, tuwin dudu kesugihan; ngemungna sucining ati.**

36. Muhammad, samangsa ana syetan kang mlesetake (ngreridhu) ing sira, sira banjur nyuwuna reksa ing Allah, sanyata PanjenengaNe iku kang Maha Miarsa tur kang Maha Uninga!

٣٦- وَإِمَّا يَنزَغَنَّكَ مِنَ الشَّيْطَٰنِ نَزْغٌ فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ ۖ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Wa immaayanzaghannaka minasy syaithaani nazghun fasta'idz billaah, innahuu huwas samii'ul 'aliim.

37. Saweneh saka tandha yekti Panguwasaning Pangeran, yaiku gilir gumantine wayah bengi lan rahina, ubenganing Surya lan Candra. Sira kabeh aja padha sujud marang Surya utawa sujud maran; Candra, ngemungna sujud marang ngarsa dalem Allah piyambak! Dzat kang wus anitahake Surya lan Candra mau, iku manawa pancen sira ngawula marang PanjenengaNe Allah!

٣٧- وَمِنْ ءَايَٰتِهِ ٱلَّيْلُ وَٱلنَّهَارُ وَٱلشَّمْسُ وَٱلْقَمَرُ ۚ لَا تَسْجُدُوا۟ لِلشَّمْسِ وَلَا لِلْقَمَرِ وَٱسْجُدُوا۟ لِلَّهِ ٱلَّذِى خَلَقَهُنَّ إِن كُنتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ ۝

Wamin aayaatihil lailu wannahaaru wasysyamsu wal qamaru, laa tasyjuduu lisysyamsi walaa lil qamari was-juduu lillaah, il ladzii khalaqahunna in kuntum iyyaahu ta'buduun.

38. Manawa wong-wong iku padha gumedhe, ora sujud marang ngarsa dalem Allah, mangka mangertia para Malaikat kang sowan ana ngarsaning Pangeranira padha maha nucekake ing PanjenengaNe saben wayah rina lan wengi, sarta ora padha bosen!

٣٨- فَإِنِ ٱسْتَكْبَرُوا۟ فَٱلَّذِينَ عِندَ رَبِّكَ يُسَبِّحُونَ لَهُۥ بِٱلَّيْلِ وَٱلنَّهَارِ وَهُمْ لَا يَسْـَٔمُونَ ۩ ۝

Fa-inistakbaruu falladziina 'inda rabbika yusabbihuuna lahuu billaili wannahaari wahum laa yas-amuun.

39. Saweneh saka tandha yekti Panguwasaning Pangeran, yaiku sira sumurup Bumi iki meneng, sabanjure Ingsun nurunake banyu ana ing Bumi iki, Bumi mau nuli obah sarta banjur mongkrok. Sanyata Dzat kang wus nguripi Bumi iku bakal nguripake uga wong-wong kang wus padha mati! Sanyata PanjenengaNe iku Kuwasa ingatase kabeh barang.

٣٩- وَمِنْ ءَايَٰتِهِۦٓ أَنَّكَ تَرَى ٱلْأَرْضَ خَٰشِعَةً فَإِذَآ أَنزَلْنَا عَلَيْهَا ٱلْمَآءَ ٱهْتَزَّتْ وَرَبَتْ ۚ إِنَّ ٱلَّذِىٓ أَحْيَاهَا لَمُحْىِ ٱلْمَوْتَىٰٓ ۚ إِنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ۝

Wamin aayaatihii annaka taral ardha khaasyi'atan fa-idzaa anzalnaa 'alaihal maa-ahtazzat wa rabat, innalladzii ahyaahaa lamuhyil mautaa, innahuu 'alaa kulli syai-in qadiir.

40. Satemene wong-wong kang mlencengake Ayat-AyatIngsun, wong iku ora padha kasamaran ing PanjenenganIngsun. Becik endi wong kang kacemplungake ing Neraka, karo wong kang sowan ing ngarsane Allah besuk dina Qiyamat kalawan aman sinantosakake? "Sira padha 'amala sakarepira! sanyata PanjenengaNe Allah iku Priksa ing kabeh barang kang padha sira tindakake!"

٤٠- إِنَّ ٱلَّذِينَ يُلْحِدُونَ فِىٓ ءَايَٰتِنَا لَا يَخْفَوْنَ عَلَيْنَا ۗ أَفَمَن يُلْقَىٰ فِى ٱلنَّارِ خَيْرٌ أَم مَّن يَأْتِىٓ ءَامِنًا يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۚ ٱعْمَلُوا۟ مَا شِئْتُمْ ۖ إِنَّهُۥ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ۝

Innal ladziina yulhiduuna fii aayaatinaa laa yakhfuuna 'alainaa, afamay yulqaa finnaari khairun am-may ya'tii aaminay yaumal qiyaamati, i'maluu maa syi'-tum innahuu bimaa ta'maluuna bashiir.

41. Sanyata wong-wong kang ngafiri maido ing Quraan kang wus nekani marang wong iku, mangka piwalese wus ana ing PanguwasaNe Allah, lan satemene Al Quraan iku yekti Kitab kang Mulya.

٤١- إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا بِالذِّكْرِ لَمَّا جَاءَهُمْ وَإِنَّهُ لَكِتَابٌ عَزِيزٌ ۝

Innal ladziina kafaruu bidzdzikri lammaa jaa-ahum, wa innahuu lakitaabun 'aziiz.

42. Barang kang batal iku ora bisa nekani marang Quraan saka ing ngarep utawa buri, Quraan iku tinurunake: terang saka ngarsa dalem Dzat kang Maha Wicaksana tur Maha Pinuji!

٤٢- لَّا يَأْتِيهِ الْبَاطِلُ مِن بَيْنِ يَدَيْهِ وَلَا مِنْ خَلْفِهِ ۖ تَنزِيلٌ مِّنْ حَكِيمٍ حَمِيدٍ ۝

Laa ya'tiihil baathilu mim baini yadaihi walaa min khalfihii tanziilum min hakiimin hamiid.

43. Muhammad, ora didhawuhake marang sira kajaba apa kang wus didhawuhake marang para Rasul sadurungira. Sanyata Pangeranira iku Kagungan pangaksama lan Kagungan siksa kang nglarani.

٤٣- مَا يُقَالُ لَكَ إِلَّا مَا قَدْ قِيلَ لِلرُّسُلِ مِن قَبْلِكَ ۚ إِنَّ رَبَّكَ لَذُو مَغْفِرَةٍ وَذُو عِقَابٍ أَلِيمٍ ۝

Maa yuqaalu laka illaa maa qad qiila lirrusuli min qablik, inna rabbaka ladzuu maghdiratiw wa dzuu 'iqaabin aliim.

44. Saupama Al Quraan iku Ingsun turunake nganggo basa 'Ajam, yaiku liyane basa 'Arab, yekti wong-wong iku padha ngucap: "Lah, mbok hiya Quraan iku Ayat-Ayate katurunake digawe kang wijang (kang digamblangake). Apa hiya Quraane tembung 'Ajam, lan Nabine kang ngampil bangsa 'Arab!?" Dhawuha sira Muhammad: "Quraane iku pituduh lan kang bisa marasake marang wong Mu'min". Dene wong kang padha ora iman, iku kupinge ana tutupe, lan Quraan iku marakake wuta marang atine si kafir. Wong kang mangkono mau kaya dene wong kang diundang saka panggonan kang adoh!".

٤٤- وَلَوْ جَعَلْنَاهُ قُرْآنًا أَعْجَمِيًّا لَّقَالُوا لَوْلَا فُصِّلَتْ آيَاتُهُ ۖ ءَأَعْجَمِيٌّ وَعَرَبِيٌّ ۗ قُلْ هُوَ لِلَّذِينَ آمَنُوا هُدًى وَشِفَاءٌ ۖ وَالَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ فِي آذَانِهِمْ وَقْرٌ وَهُوَ عَلَيْهِمْ عَمًى ۚ أُولَٰئِكَ يُنَادَوْنَ مِن مَّكَانٍ بَعِيدٍ ۝ ع ٥ ١٩

Walau ja'alnaahu qur-aanan a'jamiyyal laqaaluu laulaa fushshilat aayaatuhuu a-a'jamiyyuw wa 'arabiyyun qul huwa lilladziina aamanuu hudaw wa syifaa-un, walladziina laa yu'minuuna fii aadzaanihim waqruw wahuwa 'alaihim 'ammaa, ulaa-ika yunaaduuna mim makaanim ba'iid.

45. Lan temen Ingsun wus paring Kitab Taurat marang Musa, ing wusana banjur padha dibalenjani dening kaume Musa, upama dhawuhing Pangeranira ora wus luwih dhisik kadhawuhake, yekti wong-wong iku wus padha dirampungi! Dheweke tansah padha mamang tur andadekake kabingungane wong akeh.

٤٥- وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ فَاخْتُلِفَ فِيْهِ ۗ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِنْ رَّبِّكَ لَقُضِيَ بَيْنَهُمْ ۗ وَاِنَّهُمْ لَفِيْ شَكٍّ مِّنْهُ مُرِيْبٍ ۝

Walaqad aatainaa muusal kitaaba fakhtulifa fiihi wa laulaa kalimatun sabaqat mir-rabbika laqudhiya bainahum, wa innahum lafii syakkim minhu muriib.

46. Sing sapa nindakake laku becik, iku migunani awake dhewe, lan sing sapa nindakake laku ala, uga malarati marang awake dhewe, lan Pangeranira iku ora nganiaya marang para kawulaNe.

٤٦- مَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ اَسَاۤءَ فَعَلَيْهَا ۗ وَمَا رَبُّكَ بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيْدِ ۝

Man 'amila shaalihan falinafsihii waman asaa-a fa'alaihaa, wamaa rabbuka bizhallaamil lil'abiid.

JUZ 25

47. Marang ngarsaning Allah piyambak bali ing pangertiyane dina Qiyamat, lan ora ana uwoh kang metu saka angkupe, lan ora ana wong wadon kang ngandheg utawa nglahirake bayi, kajaba mesthi kalawan PangawikaNe. Ing besuk dina Qiyamat, Allah karsa andangu marang wong-wong kafir: "Endi brahala kang dianggep sakuthonIngsun?" Wong-wong mau padha matur: "Kula sadaya sami waleh dhumateng Paduka, sapunika kula boten gadhah saksi ingkang ngleresaken dhateng anggep panganggep kula punika".

٤٧- اِلَيْهِ يُرَدُّ عِلْمُ السَّاعَةِ ۗ وَمَا تَخْرُجُ مِنْ ثَمَرٰتٍ مِّنْ اَكْمَامِهَا وَمَا تَحْمِلُ مِنْ اُنْثٰى وَلَا تَضَعُ اِلَّا بِعِلْمِهٖ ۗ وَيَوْمَ يُنَادِيْهِمْ اَيْنَ شُرَكَاۤءِيْ قَالُوْٓا اٰذَنّٰكَ مَا مِنَّا مِنْ شَهِيْدٍ ۝

Ilaihi yuraddu 'ilmus saa'ati wamaa takhruju min tsamaraatim min akmaamihaa wamaa tahmilu min untsaa wa laa tadha'u illaa bi'ilmihii, wa yauma yunaadiihim aina syurakaa-ii qaaluu adzannaaka maa minnaa min syahiid.

48. Brahala kang padha disembah wong iku nalika ana ing Donya banjur ilang saka pangarep-arepe, lan padha yakin manawa dheweke wus ora bisa sumingkir saka siksa.

٤٨- وَضَلَّ عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَدْعُوْنَ مِنْ قَبْلُ وَظَنُّوْا مَا لَهُمْ مِّنْ مَّحِيْصٍ ۝

Wa dhalla 'anhum maa kaanuu yad'uuna min qablu wa zhannuu maa lahum mim mahiish.

٤٩- لَا يَسْـَٔمُ الْاِنْسَانُ مِنْ دُعَاۤءِ الْخَيْرِ ۖ وَاِنْ مَّسَّهُ الشَّرُّ فَيَـُٔوْسٌ قَنُوْطٌ ۝

49. Manungsa ora duwe bosen nyuwun marang kang Nguningani tumrap awake marang Pangerane, ananging mangertia manawa dheweke kena coba, banjur nglokro tur apes atine!

Laa yas-amul insaanu min du'aa-il khairi wa-im massahusy syarru fayauusun qanuuth.

50. Lan manawa dheweke Ingsun paringi rahmat terang saka ngarsanIngsun, sawuse kena coba, yekti banjur ngucap: "Kani'matan iki wus bener dadi duwekku, aku ora nyana dina Qiyamat jebul ngadeg temenan. Lan samungguha kalakon aku disowanake marang ngarsa dalem Pangeranku, mesthi aku bakal kaparingan ganjaran kang luwih becik maneh ana ing ngarsaNe". PangandikaNe Allah: "Yekti Ingsun bakal anjlentrehake marang wong kang kafir, apa wahe 'amal kang wus padha ditindakake, lan banjur Ingsun icipake siksa kang abot.

٥٠ - وَلَئِنْ أَذَقْنَٰهُ رَحْمَةً مِّنَّا مِنۢ بَعْدِ ضَرَّآءَ مَسَّتْهُ لَيَقُولَنَّ هَٰذَا لِى وَمَآ أَظُنُّ ٱلسَّاعَةَ قَآئِمَةً وَلَئِن رُّجِعْتُ إِلَىٰ رَبِّىٓ إِنَّ لِى عِندَهُۥ لَلْحُسْنَىٰ ۚ فَلَنُنَبِّئَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِمَا عَمِلُوا۟ وَلَنُذِيقَنَّهُم مِّنْ عَذَابٍ غَلِيظٍ ٥٠

Wala-in adzaqnaahu rahmatam minnaa mim ba'di dharraa-a massat-hu layaquulanna haadzaa lii wamaa azhunnus saa'ata qaa-imataw wala-ir ruji'tu ilaa rabbii inna lii 'indahuu lalhusnaa, falanunabbi-annal ladziina kafaruu bimaa 'amiluu walanudziiqannahum min 'adzaabin ghaliizh.

51. Lan manawa Ingsun amaringi ni'mat marang manungsa, dheweke banjur minger sak-lambunge, emoh syukur! Lan mbareng wong mau kena coba, banjur ngaturake do'a panyuwun sing warna-warna!

٥١ - وَإِذَآ أَنْعَمْنَا عَلَى ٱلْإِنسَٰنِ أَعْرَضَ وَنَـَٔا بِجَانِبِهِۦ وَإِذَا مَسَّهُ ٱلشَّرُّ فَذُو دُعَآءٍ عَرِيضٍ ٥١

Wa-idzaa an'amnaa 'alal insaani a'radha wana-aa bijaanibihii wa-idzaa massahusy syarru fadzuu du'aa-in 'ariidh.

52. Muhammad, sira dhawuha: "Kapriye panemunira, sarehne Quraan iku terang saka ngarsa dalem Allah, teka sira padha kafir/ anggorohake! Sapa ta wong kang luwih sasar ngungkuli karo wong kang nyulayani Allah, nganti adoh saka kabeneran!

٥٢ - قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِن كَانَ مِنْ عِندِ ٱللَّهِ ثُمَّ كَفَرْتُم بِهِۦ مَنْ أَضَلُّ مِمَّنْ هُوَ فِى شِقَاقٍۭ بَعِيدٍ ٥٢

Qul ara-aitum in-kaana min 'indillaahi tsumma kafartum bihii man adhallu mimman huwa fii syiqaaqim ba'iid.

53. Ingsun bakal meruhake tandha yektinIngsun ana ing ngendi-endi jajahan pinggir-

٥٣ - سَنُرِيهِمْ ءَايَٰتِنَا فِى ٱلْءَافَاقِ وَفِىٓ أَنفُسِهِمْ حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَهُمْ أَنَّهُ ٱلْحَقُّ ۗ أَوَلَمْ يَكْفِ بِرَبِّكَ أَنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ شَهِيدٌ ٥٣

ing Langit, 884) lan ana ing awake dhewe, sahingga bisa terang yen Quraan iku nyata bener diturunake saka ngarsaning Allah. Apa kanggo wong-wong iku durung cukup marang Pangeranira, ing bab kabeneranira Muhammad! Satemene PanjenengaNe tansah nyekseni ing sakabehing barang.

Sanuriihim aayaatinaa fil aafaaqi wa fii anfusihim hattaa yatabayyana lahum annahul haqqu, awalam yakfi birabbika annahuu 'alaa kulli syai-in syahiid.

54. Dieling! satemene wong-wong iku tansah mamang anggone bakal sowan marang ngarsaning Pangerane, lan dieling! sanyata PanjenengaNe iku nglimputi ing sakabehing barang!
***).

٥٤- أَلَآ إِنَّهُمْ فِى مِرْيَةٍ مِّن لِّقَآءِ رَبِّهِمْ ۗ أَلَآ إِنَّهُۥ بِكُلِّ شَىْءٍ مُّحِيطٌ ۝

Alaa innahum fii miryatim mil-liqaa-i rabbihim, alaa innahuu bikulli syai-im muhiith.

884) Tumuruning ayat punika ing wiwitanipun Islam sumiyar ing Mekkah ing tahun 612 Masehi. Ingkang rumiyin piyambak Islam, inggih Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w., lajeng ingkang garwa Khadijah r.a., lajeng Sekabat Abu Bakar Ash - Shiddiq r.a., lajeng generasi mudha Sekabat 'Ali bin Abu Thalib lan Sekabat 'Ustman bin Affan r.a. sarta Sekabat Bilal bin Rabah r.a., Sekabat Hamzah bin 'Abdul Muthalib r.a. lan sanes-sanesipun. Sabakdanipun Hijrah ing Madinah, Islam tambah wiyar teba sumiyaripun, dumugi ing sapunika ummat Islam saking Bangsa-Bangsa saindhenging Bawana boten kirang saking 850.000.000 tiyang Islam, saking jumlah punika 129.200.000 ummat Islam Bangsa Indonesia (Statistik tahun 1972).

***) Manawi kapanggalih sawatawis intisari lan interkorelasi (sasambetan manunggiling ancas lan tujuan) antawis kakalihipun surat Fushshilat lan surat Asy Syuura kirang langkung makaten: Wonten ing surat Asy Syuura langkung kathah katerangan bab dalil-dalil wontenipun Allah SWT sarana bukti-bukti kadadosaning 'Alam Jagad Raya, ing mulabukanipun, isen-isenipun, sarta sadaya kabetahaning manungsa sarta lingkunganipun. Katerangan pokok-pokok punika angrembaka andadosaken manungsa marsudi kasampurnaning gesang lahiriyah sarta gesang ruhaniyahipun dados ilmu ingkang mawarni-warni, kados ingkang sapunika ngrembaka wonten ing Pawiyatan-Pawiyatan Luhur lan Laboratorium-Laboratorium ing sadaya Negari. Nanging kekalihipun pancen sami-sami anerangaken bab Pokok-Pokok Piwulang Agami Fithrah utawi Agami Islam. Sumangga para sutrisna kula aturi wongsal-wangsul anggenipun nyuraos!

ASY SYUURA (MUSYAWARAH)

Surat kaping 42 : 53 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 23, 24, 25 lan 27 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Fushshilat.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Haa Miim.

١- حٰمٓ ○

Haa Miim.

2. 'Ain Siin Qaaf (Hamung ngarsa dalem Allah kang Nupiksa apa maksude)

٢- عٓسٓقٓ ○

'Ain Siin Qaaf.

3. Kaya mangkono iku Allah kang Maha Mulya, tur Maha Wicaksana, paring wahyu marang sira, lan marang para Rasul sadurung-ira.

٣- كَذٰلِكَ يُوْحِيْٓ اِلَيْكَ وَاِلَى الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِكَ ۙ اللّٰهُ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ○

Kadzaalika yuhyii ilaika wa ilal ladziina min qablikallaahul 'aziizul hakiim.

4. KagungaNe Allah apa wae sing ana ing Langit lan Bumi saisen-isene, lan Panjenengaane iku Maha Luhur, tur Maha Agung.

٤- لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ۗ وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيْمُ ○

Lahuu maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi, wa huwal 'aliyyul 'azhiim.

Para Malaikat nyuwunake pangaksama ing ngarsa dalem Allah kanggo manungsa ing Bumi.

5. Meh bae Langit padha pecah saka arah kang dhuwur dhewe, lan para Malaikat padha maha nucekake PangeraNe kanthi memuji, lan padha nyuwunake pangaksama

٥- تَكَادُ السَّمٰوٰتُ يَتَفَطَّرْنَ مِنْ فَوْقِهِنَّ ۚ وَالْمَلٰٓئِكَةُ يُسَبِّحُوْنَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَيَسْتَغْفِرُوْنَ لِمَنْ فِى الْاَرْضِ ۗ اَلَآ اِنَّ اللّٰهَ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ ○

dosane wong-wong Bumi kene . 885) Dieling! satemene Allah iku kang Rena paring pangaksama tur kang Maha Asih.

Takaadus samaawaatu yatafaththarna min fauqihinna wal-malaa-ikatu yusabbihuuna bihamdi rabbihim wa yastaghfiruuna liman fil ardh, alaa innallaaha huwal ghafuurur rahiim.

6. Lan wong-wong kang milih ngalap kekasih marang liyane Allah, iku Allah piyambak kang ngreksa, ngawasake! lan sira Muhammad, ora dipasrahi supaya ngreksa marang wong iku kabeh.

٦- وَالَّذِينَ اتَّخَذُوا مِن دُونِهِ أَوْلِيَاءَ اللَّهُ حَفِيظٌ عَلَيْهِمْ ۖ وَمَا أَنتَ عَلَيْهِم بِوَكِيلٍ ٥

Walladziinat takhadzuu min duunihii auliyaa-allaahu hafiizhun 'alaihim, wamaa anta 'alaihim biwakiil.

Al Quraan iku pepeling kang universal kanggo manungsa saJagadrat.

7. Kaya mangkono uga Ingsun paring wahyu marang sira Muhammad, Quraan nganggo basa 'Arab, supaya sira anggo ngelingake wong-wong Mekkah, lan wong kang ana ing sakiwa tengene, lan supaya sira ngelingake para manungsa ing dina Qiyamat kang wus ora ragu-ragu maneh. Sapantha manungsa bakal lumebu ing Suwarga, lan sapantha liyane bakal kacemplungake Neraka Sa'ir.

٧- وَكَذَٰلِكَ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ قُرْآنًا عَرَبِيًّا لِّتُنذِرَ أُمَّ الْقُرَىٰ وَمَنْ حَوْلَهَا وَتُنذِرَ يَوْمَ الْجَمْعِ لَا رَيْبَ فِيهِ ۚ فَرِيقٌ فِي الْجَنَّةِ وَفَرِيقٌ فِي السَّعِيرِ ٥

Wa kadzaalika auhainaa ilaika quraanan 'arabiyyal litundzira ummal quraa waman haulahaa wa tundzira yaumal jam'i laa raiba fiih, fariiqun fil jannati wa fariiqun fis-sa'iir.

8. Upama dadi kaparenging karsaNe Allah, mesthi PanjenengaNe andadekake wong-wong iku ummat sagolongan, ananging Allah nglebokake wong kang dikarsakake ana ing ramaTe. Dene wong-wong kang nganiaya iku ora ana kang ngasihi lan ora ana kang nulungi.

٨- وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَجَعَلَهُمْ أُمَّةً وَاحِدَةً وَلَٰكِن يُدْخِلُ مَن يَشَاءُ فِي رَحْمَتِهِ ۚ وَالظَّالِمُونَ مَا لَهُم مِّن وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ٥

Walau syaa-allaahu laja'alahum ummatuw waahidataw walaakiy yud-khilu may-yasyaa-u fii rahmatih, wadhdhaalimuuna maa lahum miw-waliyyiw walaa nashiir.

885) Makaten para Malaikat sami memuji ing Allah sarta nyuwunaken pangapunten kangge para manungsa ing Bumi; inggih punika tiyang ingkang sami gadhah kapitadosan bilih "Allah punika kagungan putra-putra", meh-meh musyrik ingkang makaten wau badhe mecahaken Langit-Langit sabab boten kuwawi mireng kamusyrikan makaten wau, ing mangka boten babar pisan. "Gusti Allah punika Maha Suwiji, Allah ingkang dipun betahaken sadaya titah, Allah boten peputra lan boten pinutrakaken!", makaten surat Ikhlas ayat: 1 - 3.

9. Utawa apa dheweke padha kumudu milih ngalap kekasih saliyane Allah, ing mangka Allah iku kang wajib dialap kekasih. Lan PanjenengaNe bakal nguripake kang mati, lan hiya PanjenengaNe iku Kuwasa ing atase sakabehing barang.

٩ - أَمِ اتَّخَذُوا مِن دُونِهِۦٓ أَوْلِيَآءَ ۖ فَٱللَّهُ هُوَ ٱلْوَلِىُّ
وَهُوَ يُحْىِ ٱلْمَوْتَىٰ ۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ۝

Amittakhadzuu min duunihii auliyaa-a fallaahu huwal waliyyu wa huwa yuhyil mautaa wa huwa 'alaa kulli syai-in qadiir.

Kabeh pasulayane para manungsa, bali ana ngastaNe Allah piyambak.

10. Ana dene prakara kang sira pasulayakake, iku putusane mung ana ngastaNe Allah piyambak, (Muhammad sira dhawuha:) "Allah kang ngasta putusan! Hiya mangkono iku Pangeranku, marang PanjenengaNe aku pasrah, lan marang PanjenengaNe panggonanku bali!"

١٠ - وَمَا ٱخْتَلَفْتُمْ فِيهِ مِن شَىْءٍ فَحُكْمُهُۥٓ إِلَى ٱللَّهِ ۚ
ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبِّى عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَإِلَيْهِ أُنِيبُ ۝

Wamakh-talaftum fiihi min syai-in fahukmuhuu ilallaah, dzaalikumul-laahu rabbii 'alaihi tawakkaltu wa ilaihi uniib.

11. Allah kang anitahake pitung Langit lan Bumi, lan andadekake sira kabeh jejodhoan, lan andadekake raja kaya uga jejodhoan, awit saka iku sira banjur run tumurun! Ora ana sawiji-wijining barang iku padha karo Allah, lan PanjenengaNe iku Maha Midhanget tur kang Priksa.

١١ - فَاطِرُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ جَعَلَ لَكُم مِّنْ أَنفُسِكُمْ
أَزْوَٰجًا وَمِنَ ٱلْأَنْعَٰمِ أَزْوَٰجًا ۖ يَذْرَؤُكُمْ فِيهِ ۚ
لَيْسَ كَمِثْلِهِۦ شَىْءٌ ۖ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْبَصِيرُ ۝

Faathirus samaawaati wal ardhi, ja'ala lakum min anfusikum azwaajaw wa minal an'aami azwaajaa, yadzra-ukum fiih, laisa kamitslihii syai-un, wa huwas samii'ul bashiir.

12. Allah kang ngasta kuncining Langit lan Bumi, PanjenengaNe paring rezeki jembar lan rupeg marang wong sapa wae kang dadi kaparenging karsaNe, 886) satemene PanjenengaNe iku Maha Ngawuningani ing sakabehing barang.

١٢ - لَهُۥ مَقَالِيدُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ يَبْسُطُ ٱلرِّزْقَ
لِمَن يَشَآءُ وَيَقْدِرُ ۚ إِنَّهُۥ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ۝

Lahuu maqaaliidus samaawaati wal ardhi yabshuthur rizqa limay yasyaa-u wa yaqdir, innahuu bikulli syai-in 'aliim.

---

886) Rezeki peparingipun Allah punika sampun pinesthi (taqdir) sadaya wonten ing Asta dalem Allah piyambak. Rezeki punika artosipun wiyar sanget: kadosta bandha, ilmu, putra, simah (jodho), griya, pangkat lan sanes-sanesipun. Punapa hikmahipun kita iman manawi sadaya taqdiring Allah? Sapisan, mangertos kita bilih manungsa wajib ikhtiyar utawi marsudi sakiyat lan sasaged-sagedipun, Allah ingkang haq namtokaken. Kaping kalih, hikmahipun kita lajeng kendel, jujur lan bares, boten minderwaardigheid kompleks bebalapan damel kemajengan (modernisasi) ing sadaya babagan kaDonyan. Kaping tiganipun, manawi kaleksanan makmur kaDonyanipun, tetep boten kasupen ibadah, iman, lan taqwa ing Allah, kangge sangu gesang ing Akherat.

13. PanjenengaNe kang mranata ing Agama, [887] kanggo sira kabeh! Agama kang wus kaparingake marang Nuh, lan uga kang wus Ingsun wahyokake marang sira Muhammad, lan hiya Agama kang wus kaparingake marang Ibrahim, Musa, lan 'Isa, dhawuhing Allah: "Sira padha ngedegna Agama, lan sira aja pepisahan ana ing prakara Agama". Pangajakira iku abot tumraping wong mussyrik. Allah milih wong kang dadi kapareng-ing karsaNe, lan paring pituduh marang wong kang dhedhepe ing PanjenengaNe.

١٣- شَرَعَ لَكُمْ مِّنَ الدِّيْنِ مَا وَصّٰى بِهٖ نُوْحًا وَّالَّذِيْٓ
اَوْحَيْنَآ اِلَيْكَ وَمَا وَصَّيْنَا بِهٖٓ اِبْرٰهِيْمَ وَمُوْسٰى
وَعِيْسٰٓى اَنْ اَقِيْمُوا الدِّيْنَ وَلَا تَتَفَرَّقُوْا فِيْهِ كَبُرَ
عَلَى الْمُشْرِكِيْنَ مَا تَدْعُوْهُمْ اِلَيْهِ اَللّٰهُ يَجْتَبِيْٓ
اِلَيْهِ مَنْ يَّشَآءُ وَيَهْدِيْٓ اِلَيْهِ مَنْ يُّنِيْبُ ○

Syara'a lakum minad diini maa washshaa bihii nuuhaw walladzii auhainaa ilaika wamaa washshainaa bihii ibraahiima wa muusaa wa 'iisaa an aqiimud diina walaa tatafarraquu fiih, kabura 'alal musyrikiina maa tad'uuhum ilaih, allaahu yajtabii ilaihi may-yasyaa-u wa yahdii ilaihi may yuniib.

14. Wong-wong iku ora padha pasulayan tumrap prakara Agama, kajaba sawuse padha duwe kawruh, banjur padha sesengitan karo sakanca. Saupama durung kabanjur dhawuhing Allah Pangeranira, saka siksa nganti tekan mangsa kang katamtokake, amesthi wong-wong iku wus padha dirampungi. Sanyata wong-wong kang duwe cecekelan Kitab, sapungkure para Rasul, temen padha mamang kang andadekake kamamanganing Kitab iku.

١٤- وَمَا تَفَرَّقُوْٓا اِلَّا مِنْۢ بَعْدِ مَا جَآءَهُمُ الْعِلْمُ
بَغْيًاۢ بَيْنَهُمْ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِنْ رَّبِّكَ
اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى لَّقُضِيَ بَيْنَهُمْ وَاِنَّ الَّذِيْنَ
اُوْرِثُوا الْكِتٰبَ مِنْۢ بَعْدِهِمْ لَفِيْ شَكٍّ مِّنْهُ مُرِيْبٍ ○

Wamaa tafarraquu illaa mim ba'di maa jaa-a humul 'ilmu baghyam bainahum, walaulaa kalimatun sabaqat mir-rabbika ilaa ajalim musammal laqudhiya bainahum, wa -innal ladziina uuritsul kitaaba mim ba'dihim lafii syakkim minhu muriib.

15. Awit saka kang kaya mangkono iku Muhammad, sira ngajaka sarta tumindaka kang jujur, ngestokake apa kang wus pinarentahake ing sira. Lan sira aja manut hawa nafsune wong-wong iku, sarta dhawuha: "Aku iman marang Kitab kang diturunake Allah, lan aku pinarentah supaya tumindak kang jejeg ana ing antaranira kabeh, Allah iku Pangeranku lan Pangeranira kabeh.

١٥- فَلِذٰلِكَ فَادْعُ وَاسْتَقِمْ كَمَآ اُمِرْتَ وَلَا تَتَّبِعْ
اَهْوَآءَهُمْ وَقُلْ اٰمَنْتُ بِمَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ مِنْ كِتٰبٍ
وَاُمِرْتُ لِاَعْدِلَ بَيْنَكُمْ اَللّٰهُ رَبُّنَا وَرَبُّكُمْ
لَنَآ اَعْمَالُنَا وَلَكُمْ اَعْمَالُكُمْ لَا حُجَّةَ بَيْنَنَا وَ
بَيْنَكُمْ اَللّٰهُ يَجْمَعُ بَيْنَنَا وَاِلَيْهِ الْمَصِيْرُ ○

887) Suraosing ayat: 13 - 17 punika kula sambetaken manunggaling katerangan kaliyan surat Ali 'Imran ayat: 19, 82 - 85, makaten ugi surat Al Maaidah ayat: 3, kula aturi mirsani bab: "Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi".

Marang aku dhewe 'amalku, lan uga marang sira 'amalira iku! Ora ana gunane aku lan kowe padha pepadon, Allah bakal ngumpulake aku lan kowe, lan banjur sowan ana ing ngarsane Allah".

Falidzaalika fad'u, wastaqim kamaa umirta, walaa tattabi' ahwaa-ahum, wa qul aamantu bimaa anzalallaahu min kitaabin, wa umirtu li-a'dila bainakum, allaahu rabbunaa wa rabbukum, lanaa a'maalunaa wa lakum a'maalukum, laa hujjata bainanaa wa bainakum, allaahu yajma'u bainanaa, wa ilaihil mashiir.

16. Dene wong-wong kang ambantah Agamane Allah, sawuse diarepi ing ngakeh, padone mau ora katarima ana ing ngarsane Allah PangeraNe, lan wong iku tetep oleh bebenduning Allah lan bakal kapatrapan siksa kang abot.

١٦- وَالَّذِينَ يُحَآجُّونَ فِي اللّٰهِ مِنۢ بَعْدِ مَا اسْتُجِيبَ لَهُۥ حُجَّتُهُمْ دَاحِضَةٌ عِندَ رَبِّهِمْ وَعَلَيْهِمْ غَضَبٌ وَلَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ ۝

Walladziina yuhaajjuuna fillaahi mim ba'di mas-tujiiba lahuu hujjatuhum daahidhatun 'inda rabbihim wa 'alaihim ghadhabuw wa lahum 'adzaabun syadiid.

17. Allah kang wus nurunake Kitab Quraan, isi pituduh bener, lan kanggo nimbang prakara budi-pekerti (bebuden luhur). Lan sira Muhammad, ora sumurup mbok manawa dina Qiyamat iku wus cedhak.

١٧- اللّٰهُ الَّذِيٓ أَنزَلَ الْكِتَٰبَ بِالْحَقِّ وَالْمِيزَانَ ۗ وَمَا يُدْرِيكَ لَعَلَّ السَّاعَةَ قَرِيبٌ ۝

Allaahul ladzii anzalal kitaaba bilhaqqi wal miizaan, wamaa yudriika la'allas saa'ata qariib.

18. Wong kang ora iman marang anane dina Qiyamat padha kesusu nyuwun enggala kalakone, nanging wong kang padha iman padha nguwatirake tekane dina iku, lan padha mangerti yen dina Qiyamat iku kanyatan. Sayekti padha kesasar kang adoh.

١٨- يَسْتَعْجِلُ بِهَا الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِهَا ۖ وَالَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مُشْفِقُونَ مِنْهَا وَيَعْلَمُونَ أَنَّهَا الْحَقُّ ۗ أَلَآ إِنَّ الَّذِينَ يُمَارُونَ فِي السَّاعَةِ لَفِى ضَلَٰلٍۭ بَعِيدٍ ۝

Yasta'jilu bihal ladziina laa yu'minuuna bihaa, walladziina aamanuu musyfiquuna minhaa wa ya'lamuuna annahal haqq, alaa innal ladziina yumaaruuna fis-saa'ati lafii dhalaalim ba'iid.

19. Allah iku kang Maha Welasasih marang para kawulaNe, PanjenengaNe paring rezeki marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan PanjenengaNe iku Dzat kang Maha Kuwat, tur kang Maha Unggul!

١٩- اللّٰهُ لَطِيفٌۢ بِعِبَادِهِۦ يَرْزُقُ مَن يَشَآءُ ۖ وَهُوَ الْقَوِىُّ الْعَزِيزُ ۝

Allaahu lathiifum bi'ibaadihii yarzuqu may-yasyaa-u, wa huwal qawiyyul 'aziiz.

20. Sing sapa ngarepake ganjaran ing Donya, uga Ingsun paringi bageyane, lan dheweke ana ing Akherat ora duwe bageyan apa-apa!

٢٠- مَنْ كَانَ يُرِيْدُ حَرْثَ الْاٰخِرَةِ نَزِدْ لَهٗ فِيْ حَرْثِهٖ ۚ وَمَنْ كَانَ يُرِيْدُ حَرْثَ الدُّنْيَا نُؤْتِهٖ مِنْهَا وَمَا لَهٗ فِي الْاٰخِرَةِ مِنْ نَّصِيْبٍ ۝

Man kaana yuriidu hartsal aakhirati nazid lahuu fii hartsihii waman kaana yuriidu hartsad dunyaa nu'tihii minhaa wamaa lahuu fil aakhirati min nashiib.

21. Lan apa wong kafir mau padha duwe Pangeran sakuthone Allah, kang mranata Agama marang wong iku ora kalawan idzine Allah? Lan saupama dhawuh putusaning Allah durung kabanjur dhumawuh, 888) yekti wong iku sakancane dirampungi saiki. Sanyata wong-wong kang nganiaya iku bakal kapatrapan siksa kang lara.

٢١- اَمْ لَهُمْ شُرَكٰٓؤُا شَرَعُوْا لَهُمْ مِّنَ الدِّيْنِ مَا لَمْ يَاْذَنْۢ بِهِ اللّٰهُ ۗ وَلَوْلَا كَلِمَةُ الْفَصْلِ لَقُضِيَ بَيْنَهُمْ ۗ وَاِنَّ الظّٰلِمِيْنَ لَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Am lahum syurakaa-u syara'uu lahum minad diini maa lam ya'dzam bihillaah, walaulaa kalimatul fashli laqudhiya bainahum, wa innadh dhaalimiina lahum 'adzaabun aliim.

22. Muhammad, sira sumurup wong-wong kang nganiaya padha kuwatir atine, marga saka laku kang wus padha ditindakake; ora wurung patrapaning tindake bakal tumiba marang dheweke. Sanyata wong-wong kang padha Mu'min lan nindakake laku becik, bakal manggon ana ing Suwarga kang ana tamanane. Ana ing ngarsaNe Allah dheweke padha kasembadan apa karepe, kang mangkono iku Kanugrahan kang agung.

٢٢- تَرَى الظّٰلِمِيْنَ مُشْفِقِيْنَ مِمَّا كَسَبُوْا وَهُوَ وَاقِعٌۢ بِهِمْ ۗ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ فِيْ رَوْضٰتِ الْجَنّٰتِ ۚ لَهُمْ مَّا يَشَاۤءُوْنَ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۗ ذٰلِكَ هُوَ الْفَضْلُ الْكَبِيْرُ ۝

Tarazh zhaalimiina musyfiqiina mimmaa kasabuu wa huwa waaqi'um bihim, walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati fii raudhaatil jannaati lahum maa yasyaa-uuna 'inda rabbihim, dzaalika huwal fadhlul kabiir.

23. Kang mangkono mau ganjaraNe Allah kanggo bebungah marang para kawulaNe kang padha iman, tur nindakake laku becik.

٢٣- ذٰلِكَ الَّذِيْ يُبَشِّرُ اللّٰهُ عِبَادَهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ ۗ قُلْ لَّآ اَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ اَجْرًا اِلَّا الْمَوَدَّةَ

888) Allah sampun mutusaken sarana taqdiripun bilih siksa ingkang saestunipun punika wonten ing Akherat, manawi dereng wonten kaputusan ingkang makaten, saestu tiyang kafir saDonya punika sampun sirna kasiksa sadayanipun. Dados salaminipun gesang ing 'alam Donya, Allah SWT taksih Ngluberaken Sih kalonggaran saged sami nitipriksa kasalahanipun lan tobat saking kekafiranipun, wangsul dados kawulaning Allah ingkang taqwa sarta amal shaleh, mugi-mugi makaten.

Dhawuha sira Muhammad; "Aku ora anjaluk upah! upah saka sira kabeh tumrap anggonku anggelar (da'wah) Agama! Mung bae, sira padha netepana haqe sesanakan sih sinihan." Sapa kang nindakake laku becik, wong iku Ingsun tambahi ganjarane. Sanyata Allah iku kang Rena paring pangaksama tur kang nampa syukuring para kawula.

فِي الْقُرْبٰى وَمَنْ يَّقْتَرِفْ حَسَنَةً نَّزِدْ لَهٗ فِيْهَا
حُسْنًا ۗ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ شَكُوْرٌ ۝

Dzaalikal ladzii yubasysyirul-laahu 'ibaadahul ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati, qul laa as-alukum 'alaihi ajran illal mawaddata fil qurbaa, wamay yaqtarif hasanatan nazid lahuu fiihaa husnaa, innallaaha ghafuurn syakuur.

24. Lah apa dheweke malah padha ngucap: "Nabi Muhammad wus gawe-gawe goroh marang Allah!" Manawa dadi kaparenging karsaNe Allah, PanjenengaNe ngecap atinira, lan Allah nglebur barang batal, lan nyatakake barang bener kalawan pangandikaNe. Sanyata PanjenengaNe iku Maha Nguningani barang kang ana ing sajeroning ati!

٢٤- اَمْ يَقُوْلُوْنَ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا ۚ فَاِنْ يَّشَاِ اللّٰهُ
يَخْتِمْ عَلٰى قَلْبِكَ ۗ وَيَمْحُ اللّٰهُ الْبَاطِلَ وَيُحِقُّ الْحَقَّ
بِكَلِمٰتِهٖ ۗ اِنَّهٗ عَلِيْمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝

Am yaquuluu naftaraa 'alallaahi kadzibaa, fa-iy yasya-illaahu yakhtim 'alaa qalbika, wa yamhullaahul baathila wa yuhiqqal haqqa bikalimaatih, innahuu 'aliimum bidzaatish shuduur.

25. Lan PanjenengaNe Allah kang nampa tobat saka para kawulaNe, sarta nglebur tindake kang ala, Allah iku Nguningani barang kang padha sira tindakake.

٢٥- وَهُوَ الَّذِيْ يَقْبَلُ التَّوْبَةَ عَنْ عِبَادِهٖ وَيَعْفُوْا
عَنِ السَّيِّاٰتِ وَيَعْلَمُ مَا تَفْعَلُوْنَ ۝

Wa huwal ladzii yaqbalut taubata 'an 'ibaadihii wa ya'fuu 'anis sayyi-aati wa ya'lamu maa taf'aluun.

26. Lan PanjenengaNe anyembadani marang para wong Mu'min kang padha nindakake laku becik, lan nambahi kanugrahaNe marang wong iku kabeh. Dene wong-wong kang padha kafir iku bakal kapatrapan siksa kang abot.

٢٦- وَيَسْتَجِيْبُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ وَيَزِيْدُهُمْ
مِّنْ فَضْلِهٖ ۗ وَالْكٰفِرُوْنَ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيْدٌ ۝

Wa yastajiibul ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati fayaziiduhum min fadhlih, wal kaafiruuna lahum 'adzaabun syadiid.

27. Upama Allah anjembarake rezeqi marang para kawulaNe, sayekti banjur padha lacut ana ing Bumi kene, ananging Allh nurunake rezeqi nganggo papesthen miturut kaparenging karsaNe. Satemene Allah iku kang Maha Waspada tur kang Mriksani marang para kawulaNe!

٢٧- وَلَوْ بَسَطَ اللّٰهُ الرِّزْقَ لِعِبَادِهٖ لَبَغَوْا فِي الْاَرْضِ
وَلٰكِنْ يُّنَزِّلُ بِقَدَرٍ مَّا يَشَاۤءُ ۗ اِنَّهٗ بِعِبَادِهٖ خَبِيْرٌۢ
بَصِيْرٌ ۝

Walau basathallaahur rizqa li'ibaadihii labaghau fil ardhi walaakiy yunazzilu biqadarim maa yasyaa-u, innahuu bi-'ibaadihii khabiirum bashiir.

28. Lan PanjenengaNe Allah kang nurunake udan sawuse uwong padha kapedhotan udan, lan PanjenengaNe anggelar rahmat. PanjenengaNe iku kang Maha Kawasa tur ingkang pinuji.

٢٨- وَهُوَ الَّذِي يُنَزِّلُ الْغَيْثَ مِنْ بَعْدِ مَا قَنَطُوا وَيَنْشُرُ رَحْمَتَهُ ۚ وَهُوَ الْوَلِيُّ الْحَمِيدُ ۝

Wa huwal ladzii yunazzilul ghaitsa mim ba'di maa qanathuu wa yansyuru rahmatahuu wa huwal waliyyul hamiid.

29. Saweneh saka tandha yekti kuwasaNe Allah, yaiku kadadeane Langit lan Bumi, lan sarupane gegremet kang sumebar ana ing Bumi lan Langit, PanjenengaNe Allah iku Kuwasa anglumpukake kabeh mau manawa wus dadi kaparenging karsaNe.

٢٩- وَمِنْ آيَاتِهِ خَلْقُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَثَّ فِيهِمَا مِنْ دَابَّةٍ ۖ وَهُوَ عَلَىٰ جَمْعِهِمْ إِذَا يَشَاءُ قَدِيرٌ ۝

Wa min aayaatihii khalqus samaawaati wal ardhi wamaa batstsa fiihimaa min daabbah, wa huwa 'alaa jam'ihim idzaa yasyaa-u qadiir.

Allah paring pangaksama sabageanakeh saka dosane para kawulaNe.

30. Sadhengah bilahi kang ngenani ing sira kabeh iku saka uwohe pakartine tanganira dhewe, lan PanjenengaNe Allah karsa ngapura akeh-akehe tindak dosa mau.

٣٠- وَمَا أَصَابَكُمْ مِنْ مُصِيبَةٍ فَبِمَا كَسَبَتْ أَيْدِيكُمْ وَيَعْفُو عَنْ كَثِيرٍ ۝

Wamaa ashaabakum mim mushiibatin fabimaa kasabat aidiikum wa ya'fuu 'an katsiir.

31. Lan sira kabeh ora bisa oncat saka siksaning Allah ana ing Donya, lan maneh ora ana saliyane Allah kang ngasihi lan kang nulungi marang sira kabeh.

٣١- وَمَا أَنْتُمْ بِمُعْجِزِينَ فِي الْأَرْضِ ۖ وَمَا لَكُمْ مِنْ دُونِ اللَّهِ مِنْ وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ۝

Wamaa antum bimu'jiziina fil ardhi wamaa lakum min duunil-laahi miw waliyyiw walaa nashiir.

32. Saweneh saka tandha yekti kuwasaning Allah, yaiku prahu kang padha lelayaran, ana ing tengahing Segara kang wus saemper Gunung-Gunung.

٣٢- وَمِنْ آيَاتِهِ الْجَوَارِ فِي الْبَحْرِ كَالْأَعْلَامِ ۝

Wa min aayaatihil jawaari fil bahri kal-a'laam.

33. Manawa dadi kaparenging karsaNing Allah, ngendheg angin, ing kono prahu kang lelayaran mau uga banjur mandheg, kumam-

٣٣- إِنْ يَشَأْ يُسْكِنِ الرِّيحَ فَيَظْلَلْنَ رَوَاكِدَ عَلَىٰ ظَهْرِهِ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ۝

barg kampul-kampul sadhuwuring Segara, mesthi kalakon! Sanyata kang mangkono mau dadi tandha yekti tumrap wong sabar lan akeh syukure!

Iy-yasya' yuskinir riiha fayazhlalna rawaakida 'alaa zhahrihii inna fii dzaalika la-aayaatil likulli shabbaarin syakuur.

٣٤- أَوْ يُوبِقْهُنَّ بِمَا كَسَبُوا۟ وَيَعْفُ عَن كَثِيرٍ ۝

Au yuubiq-hunna bimaa kasabuu wa ya'fu 'an katsiir.

34. Lan manawa dadi kaparenging karsaNe Allah banjur ngrusak prahu mau sabab saka tindake wong iku kabeh, mesthi uga kalakkon! Lan PanjenengaNe karsa ngapura marang sebagean akeh saka dheweke. 889)

٣٥- وَيَعْلَمَ ٱلَّذِينَ يُجَٰدِلُونَ فِىٓ ءَايَٰتِنَا ۚ مَا لَهُم مِّن مَّحِيصٍ ۝

Wa ya'lamal ladziina yujaadiluuna fii aayaatinaa, maa lahum mim mahiish.

35. Lan PanjenengaNe Ngawuningani wong-wong kang padha ambantah Ayat-Ayat Ingsun, dheweke ora padha bisa sumingkir saka siksaning Allah.

٣٦- فَمَآ أُوتِيتُم مِّن شَىْءٍ فَمَتَٰعُ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ وَمَا عِندَ ٱللَّهِ خَيْرٌ وَأَبْقَىٰ لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ۝

Famaa uutiitum min syai-in famataa'ul hayaatid dunyaa, wamaa 'indallaahi khabiiruw wa abqaa lilladziina aamanuu wa 'alaa rabbihim yatawakkaluun.

36. Ana dene sawijining barang kang wus kaparingake ing sira kabeh, iku minangka bebungah ana ing kauripan Donya. Dene ganjaran kang ana ing ngarsaNe Allah iku luwih becik tur langgeng, disadhiyakake tumrap wong kang padha Mu'min, lan mung marang Pangerane wong-wong Mu'min padha pasrah!

٣٧- وَٱلَّذِينَ يَجْتَنِبُونَ كَبَٰٓئِرَ ٱلْإِثْمِ وَٱلْفَوَٰحِشَ وَإِذَا مَا غَضِبُوا۟ هُمْ يَغْفِرُونَ ۝

Walladziina yajtanibuuna kabaa-iral itsmi wal fawaahisya wa idzaa maa ghadhibuu hum yaghfiruun.

37. Lan wong kang padha nyingkiri dosa gedhe lan panggawe ala, tur padha gelem

889) Suraosing ayat 30 - 34 anelakaken bilih paring kalonggaran lan paring pangapunten saking ngarsa dalem Allah punika supados dadosa kainsafaning manungsa saged andandosi utawi tobat saking kamaksiyatan lan dosanipun. Inggih lampah maksiyat lan dosa punika sering nuwunaken kabilaen lan kagagalan total rekadayaning manungsa. Punika kersaning Allah paring pepenget dhateng tiyang ingkang saged tanggap sasmita. Sabab musababipun bilahi punika boten sanes saking pokalipun manungsa piyambak, sami ugi ing Bawana, Dirgantara utawi ing Samudera. Pramila sadaya solah-bawa lan usaha kita manungsa supados dipun dhasarana niyat ingkang sae, sarana maos "Bismillaahirrahmaanirrahiim", mugi-mugi Allah paring Berkah lan dipun tebihna sakliring sambekala, amin!

aweh ngapura, nalikane wong-wong padha nepsu. 890)

Wajib musawarah ngrembug prakara Donya!

38. Lan tumrap wong-wong kang padha ngestokake dhawuhing Allah Pangerane! lan padha nyampurnake Shalat, sarta padha gelem rerembugan sakancane tumrap prakara kaperluane! 891) Apa dene padha gelem nanjakake rezeqi kang wus Ingsun paringake.

٣٨- وَالَّذِينَ اسْتَجَابُوا لِرَبِّهِمْ وَأَقَامُوا الصَّلَوٰةَ وَأَمْرُهُمْ
شُورَىٰ بَيْنَهُمْ وَمِمَّا رَزَقْنَٰهُمْ يُنفِقُونَ ۝

Walladziinas tajaabuu lirabbihim wa aqaamush shalaata wa amruhum syuuraa bainahum wa mimmaa razaqnaahum yunfiquun.

Sabar lan aweh ngapura iku luwih becik tinimbang males!

39. Kang manawa padha kataman panganiayaning liyan banjur padha gelem males (ambalekake satrepe).

٣٩- وَالَّذِينَ إِذَآ أَصَابَهُمُ ٱلْبَغْىُ هُمْ يَنتَصِرُونَ ۝

Walladziina idzaa ashaabahumul baghyu hum yantashiruun.

40. Ana dene piwalese panggawe ala iku kudu satimbang trep karo pialane. Ewa samono sing sapa gelem aweh pangapura lan males kabecikan, ganjarane wong iku wus ana kasaguhane Allah piyambak. Sanyata PanjenengaNe iku ora Rena marang wong kang padha nganiaya!

٤٠- وَجَزَٰٓؤُا۟ سَيِّئَةٍ سَيِّئَةٌ مِّثْلُهَا ۖ فَمَنْ عَفَا وَأَصْلَحَ
فَأَجْرُهُۥ عَلَى ٱللَّهِ ۚ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝

Wa jazaa-u sayyi-atin sayyi-atum mitsluhaa, faman 'afaa wa ashlaha fa-ajruhuu 'alallaah, innahuu laa yuhibbudh dhaalimiin.

---

890) Ganjaraning Allah benjing ing Akherat langkung ni'mat tur langgeng (boten kados karemenan Donya ingkang namung sakedhap) badhe kaparingaken tiyang ingkang saged ngreksa badanipun saking dosa ageng, lan tumindak nistha, lan ingkang watak sabar purun ngapunten kalepatanipun ngasanes nalika nepsu!

891) Saking tembung "wa amruhum syuuraa bainahum" ingkang artosipun: "ana ing prakara kaperluane wong-wong mau padha gelem rerembugan". Rerembagan perkawis ingkang nglimputi kabetahaning ngakathah punika sampun kalimrah naminipun: musyawarah, muktamar, seminar, simposium, lokakarya, diskusi, saresehan, rembug desa, parlemen, DPR, lan Majelis Permusyawaratan Rakyat, lan sanes-sanesipun. Tehnis lan tata-cara sarta adi-cara rerembagan punika saged dipun atur miturut kaperluanipun. Makaten ugi kados rerembagan politik, ekonomi, kabudayan, perang utawi dhame ing PBB - New York, Amerika Serikat, punika pokokipun amrih damel sae lan manfaat ing sadaya anggotanipun, dene kadhangkala dedrek, adreng, sami kiyatipun utawi kapeksa lan panci sengaja veto, punika limrah! Jer manungsa pados menang punika sami-sami kita mangertosi. Dene manawi wonten ingkang kagungan pendhirian pados kaleresan punika nami lampah utami, inggih intisari PBB ingkang ideal! Sanaosa kadospundi, tiyang sampun purun rerembagan punika paribasanipun, boten badhe kaduwung ing tembe wingkingipun. Dhawuhing Hadist: "Laa khoba manistasyar, walaa nadima manis takhor", Ora rugi wong kang rembugan, lan ora getun wong kang duwe pamilih". Inggih punika bukti manawi manungsa titah (makhluk) sosial, lan bukti ugi manawi doktrin Al Quraan punika kasunyatan ing leres lan dados rahmat sadaya Bangsa ing alam Jagad Raya.

41. Sayekti wong kang sawuse dikaniaya males (ambalekake satrep), wong iku ora bakal kapatrapan apa-apa.

٤١- وَلَمَنِ انْتَصَرَ بَعْدَ ظُلْمِهِ فَأُولَٰئِكَ مَا عَلَيْهِم مِّن سَبِيلٍ ۝

Walamanin tashara ba'da zhulmihii fa-ulaa-ika maa 'alaihim min sabiil.

42. Sanyata kang oleh patrapan iku wong kang padha nganiaya ing liyan sarta padha ambalela parintahe Allah ana ing Bumi kene ora kalawan bener. Wong kang mangkono iku tetep bakal kapatrapan siksa kang nglarani.

٤٢- إِنَّمَا السَّبِيلُ عَلَى الَّذِينَ يَظْلِمُونَ النَّاسَ وَيَبْغُونَ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ ۚ أُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Innamas sabiilu 'alal ladziina yazhlimuunan naasa wa yabghuuna fil ardhi bighairil haqqi, ulaa-ika lahum 'adzaabun aliim.

43. Lan yekti wong kang gelem sabar, lan aweh pangapura, tindak kang mangkono iku sanyata kalebu watak kang tuhu utama (wigatining asikep mental kang luhur ing budi).

٤٣- وَلَمَن صَبَرَ وَغَفَرَ إِنَّ ذَٰلِكَ لَمِنْ عَزْمِ الْأُمُورِ ۝

Walaman shabara wa ghafara inna dzaalika lamin 'azmil umuur.

Wong-wong kang diuja dening Allah sasar, ora bakal oleh Pemimpin kang nuduhake dalan bener.

44. Sing sapa disasarake dening Allah, mangka wong iku ora ana kang ngasihi liyane Allah. Lan sira sumurup Muhammad! wong kang padha nganiaya nalikane padha andeleng siksa, wong-wong mau padha ngucap: "mBok hiya, aku dibalekake wae menyang Donya maneh".

٤٤- وَمَن يُضْلِلِ اللَّهُ فَمَا لَهُ مِن وَلِيٍّ مِّن بَعْدِهِ ۗ وَتَرَى الظَّالِمِينَ لَمَّا رَأَوُا الْعَذَابَ يَقُولُونَ هَلْ إِلَىٰ مَرَدٍّ مِّن سَبِيلٍ ۝

Wamay yudhlilillaahu famaa lahuu miw waliyyim mim ba'dihii wa tarazh zhaalimiina lammaa ra-awul 'adzaaba yaquuluuna hal ilaa maraddim min sabiil.

45. Nalika wong iku kabeh ditontonake siksa Neraka sira sumurup dheweke padha wedi, lan takluk asor rumangsa ina, padha mandeng kalawan lungkrah kekes atine. Wong Mu'min padha ngucap: "Sanyata wong kang kapitunan iku wong kang padha gawe tuna awake dhewe, lan ahline besuk ing dina Qiyamat. Padha elinga, wong kang nganiaya iku bakal padha tetep ana ing siksa kang langgeng".

٤٥- وَتَرَاهُمْ يُعْرَضُونَ عَلَيْهَا خَاشِعِينَ مِنَ الذُّلِّ يَنظُرُونَ مِن طَرْفٍ خَفِيٍّ ۗ وَقَالَ الَّذِينَ آمَنُوا إِنَّ الْخَاسِرِينَ الَّذِينَ خَسِرُوا أَنفُسَهُمْ وَأَهْلِيهِمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۗ أَلَا إِنَّ الظَّالِمِينَ فِي عَذَابٍ مُّقِيمٍ ۝

Wa taraahum yu'radhuuna 'alaihaa khaasyi'iina minadz dzulli yanzhuruuna min tharfin khafiyyin, wa qaalal ladziina aamanuu innal khaasiriinal ladziina khasiruu anfusahum wa ahliihim yaumal qiyaamati . alaa innazh zhaalimiina fii 'adzaabim muqiim.

46. Ora ana kekasih kang bisa nulungi marang wong mau saliyane Allah, lan sing sapa disasarake dening Allah, wong iku ora bakal oleh dalan kang bisa nylametake.

٤٦- وَمَا كَانَ لَهُمْ مِّنْ أَوْلِيَآءَ يَنصُرُونَهُم مِّن دُونِ اللَّهِ ۗ وَمَن يُضْلِلِ اللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِن سَبِيلٍ ۝

Wamaa kaana lahum min auliyaa-a yanshuruunahum min duunillaah, wamay yudhlilillaahu famaa lahuu min sabiil.

47. He para manungsa kabeh! sira padha ngestokna marang kersaning Pangeranira, mumpung durung katekan dina Qiyamat kang ora kena ditolak maneh awit saka karsane Allah! Ana ing dina iku sira ora bisa nyelaki kaluputanira!

٤٧- ٱسْتَجِيبُوا۟ لِرَبِّكُم مِّن قَبْلِ أَن يَأْتِىَ يَوْمٌ لَّا مَرَدَّ لَهُۥ مِنَ اللَّهِ ۖ مَا لَكُم مِّن مَّلْجَإٍ يَوْمَئِذٍ وَمَا لَكُم مِّن نَّكِيرٍ ۝

Istajiibuu lirabbikum min qabli ayya'tiya yaumul laa maradda lahuu minallaah, maa lakum mim malja-iy yauma-idziw wamaa lakum min nakiir.

48. Manawa dheweke padha malengos, mangka sira Muhammad ora Sun utus supaya ngreksa marang wong-wong iku. Kuwajibanira mung nekakake dhawuh bae (da'wah Islamyah). Lan temen manawa Ingsun ngicipake marang para manungsa ing rahmat peparingIngsun, ing kono banjur padha bungah bungah, lan nalika Ingsun coba rekasa, sabab saka tindake dhewe, uwong iku banjur banget kafire!

٤٨- فَإِنْ أَعْرَضُوا۟ فَمَآ أَرْسَلْنَٰكَ عَلَيْهِمْ حَفِيظًا ۖ إِنْ عَلَيْكَ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ۗ وَإِنَّآ إِذَآ أَذَقْنَا ٱلْإِنسَٰنَ مِنَّا رَحْمَةً فَرِحَ بِهَا ۖ وَإِن تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌۢ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ فَإِنَّ ٱلْإِنسَٰنَ كَفُورٌ ۝

Fa-in a'radhuu famaa arsalnaaka 'alaihim hafiizhaa, in 'alaika illal balaagh, wa innaa idzaa adzaqnal insaana minnaa rahmatan fariha bihaa, wa-in tushibhum sayyi-atum bimaa qaddamat aidiihim fa-innal insaana kafuur.

49. Allah kagungan Kratoning Langit lan Bumi, nitahake samubarang kalawan sakarsaNe, PanjenengaNe maringi anak lanang utawa anak wadon marang wong kang dadi kaparenging karsaNe.

٤٩- لِلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ ۚ يَهَبُ لِمَن يَشَآءُ إِنَٰثًا وَيَهَبُ لِمَن يَشَآءُ ٱلذُّكُورَ ۝

Lillaahi mulkus samaawaati wal ardh, yakhluqu maa yasyaa', yahabu limay yasyaa-u inaatsaw wa yahaba limay yasyaa-udz dzukuur.

50. Utawa maneh PanjenengaNe maringi bojo marang wong iku kabeh, sabanjure ana kang dikarsakake gabug (ora duwe turunan), sanyata PanjenengaNe iku Dzat kang Maha Ngudaneni tur Maha Kuwasa.

٥٠- أَوْ يُزَوِّجُهُمْ ذُكْرَانًا وَإِنَاثًا ۖ وَيَجْعَلُ مَنْ يَشَاءُ عَقِيمًا ۚ إِنَّهُ عَلِيمٌ قَدِيرٌ ۝

Au yuzawwijuhum dzukraanaw wa inaatsaa, wa yaj'alu may yasyaa-u 'aqiimaa, innahuu 'aliimun qadiir.

51. Ora ana wong kang tampa pangandikaning Allah, kajaba kalawan Wahyu utawa ana saburine aling-aling [892] utawa maneh PanjenengaNe ngutus Utusan Malaikat, nuli nurunake Wahyu kalawan idziNe Allah apa kang dadi kaparenging karsaNe. Sanyata PanjenengaNe iku Dzat kang Maha Luhur tur Maha Wicaksana.

٥١- وَمَا كَانَ لِبَشَرٍ أَنْ يُكَلِّمَهُ اللَّهُ إِلَّا وَحْيًا أَوْ مِنْ وَرَاءِ حِجَابٍ أَوْ يُرْسِلَ رَسُولًا فَيُوحِيَ بِإِذْنِهِ مَا يَشَاءُ ۚ إِنَّهُ عَلِيٌّ حَكِيمٌ ۝

Wamaa kaana libasyarin ay yukallimahullaahu illaa wahyan au miw waraa-i hijaabin au yursila rasuulan fayuuhiya bi-idznihii maa yasyaa', innahuu 'aliyyun hakiim.

52. Lan kaya mangkono uga Ingsun wus maringi jiwa saka Urusaningsun (Wahyu) ing sira Muhammad, terang iku dhawuh saka ngarsanIngsun. Sira durung tau weruh; Kitab iku apa? Lan maneh Iman iku apa? Ingsun wus namtokake Quraan iku dadi Nur pepadhang! Ingsun anggo nuduhake kawulanIngsun kang wus Ingsun karsakake. Lan satemene sira Muhammad nuduhake marang dalan kang jejeg.

٥٢- وَكَذَٰلِكَ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ رُوحًا مِنْ أَمْرِنَا ۚ مَا كُنْتَ تَدْرِي مَا الْكِتَابُ وَلَا الْإِيمَانُ وَلَٰكِنْ جَعَلْنَاهُ نُورًا نَهْدِي بِهِ مَنْ نَشَاءُ مِنْ عِبَادِنَا ۚ وَإِنَّكَ لَتَهْدِي إِلَىٰ صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ ۝

Wa kadzaalika auhainaa ilaika ruuham min amrinaa maa kunta tadrii mal kitaabu walal iimaanu walaakin ja'alnaahu nuuran nahdii bihii may yasyaa-u min 'ibaadinaa, wa innaka latahdii ilaa shiraathim mustaqiim.

892) Wahyu kadhawuhaken ngener lajeng sawingkinging aling-aling kados ingkang kaparingaken dhateng Nabi Musa a.s. ing pareden Thursina (Sinai), dados mireng swantenipun Kalam Ilahi, nanging boten sumerep Dzat ingkang paring dhawuh! Utawi wahyu kadhawuhaken sarana ngutus Malaikat Jibril a.s. dhateng Nabi Muhammad s.a.w.

٥٣- صِرَاطِ اللّٰهِ الَّذِيْ لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۗ اَلَآ اِلَى اللّٰهِ تَصِيْرُ الْاُمُوْرُ ۝

Shiraathillaahil ladzii lahuu maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi, alaa ilal-laahi tashiirul umuur.

53. Yaiku dalaning Allah kang kagungan barang kang ana ing Langit lan Bumi. Di-eling! mung marang Allah piyambak baline kabeh perkara!
***).

***). Sawatawis wigatosing intisari sarta interkorelasi (sasambetan manunggiling ancas tujuan) anta antawisipun surat Asy Syuura lan surat Az Zukhruf, kirang langkung makaten: Ing surat Az Zukhruf anerangaken bilih titiyang musyrik Mekkah, ngukur tiyang wibawa punika saking sugih-brewunipun rerenggan kadonyan, sabab ambandhing Rasulullah s.a.w. punika asalipun lare Yatim, saking kulawarga boten gadhah kadonyan, nanging tiyang musyrik gadhah wawasan sanes, Rasul punika kedah tiyang sugih raja barana ing Donya. Dene wonten surat Asy Syuura ugi sami, namung vareasinipun benten, utawi tunggal kandha seje cerita!

AZ ZUKHRUF (RERENGGAN)

Surat kaping 43 : 89 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 54 diwahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Asy Syuura.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Haa Miim (Hamung ngarsa dalem Allah piyambak kang Nupiksa apa maksude).

١ - حٰمٓ ۝

Haa Miim

2. Demi Kitab Al Quraan kang terang pratela!

٢ - وَالْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ۝

Walkitaabil mubiin.

3. Sanyata Ingsun namtokake Quraan iku nganggo basa 'Arab, supaya sira banjur ngangen-angen mangerteni!

٣ - اِنَّا جَعَلْنٰهُ قُرْءٰنًا عَرَبِيًّا لَّعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۝

Innaa ja'alnaahu qur-aanan 'arabiyyal la'allakum ta'qiluun.

4. Lan sanyata Quraan iku ana ing babon-ing kitab kang ana ngarsaningSun Pribadi (Lauhil Mahfuzh), kang Luhur tur mengku ing Kawicaksanan.

٤ - وَاِنَّهٗ فِيْٓ اُمِّ الْكِتٰبِ لَدَيْنَا لَعَلِيٌّ حَكِيْمٌ ۝

Wa innahuu fii ummil kitaabi ladainaa la'aliyyun hakiim.

5. Hla apa pantes Ingsun endhegake tumuruning Wahyu Quraan, marang sira Muhammad, mung jalaran sira kabeh anjarag dadi golongane wong kang ngliwati wates? (Ora, ora pantes!).

٥ - اَفَنَضْرِبُ عَنْكُمُ الذِّكْرَ صَفْحًا اَنْ كُنْتُمْ قَوْمًا مُّسْرِفِيْنَ

Afanadhribu 'ankumudz dzikra shaf-han an kuntum qaumam musrifiin.

6. Wus pira bae cacahe Rasul kang wus Ingsun utus marang ummat-ummat jaman kuna!

٦ - وَكَمْ أَرْسَلْنَا مِنْ نَّبِيٍّ فِي الْأَوَّلِينَ ۝

Wa kam arsalnaa min nabiyyin fil awwaliin.

7. Ora ana Rasul kang ngrawuhi ummat jaman kuna mau, kajaba mung tansah diinakake lan digeguyu!

٧ - وَمَا يَأْتِيهِم مِّن نَّبِيٍّ إِلَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ۝

Wamaa ya'tiihim min nabiyyin illaa kaanuu bihii yastah-zi-uun.

8. Mula, Ingsun banjur ngrusak marang golongan kang duwe kekuwatan luwih santosa tinimbang karo wong-wong iku, lan wus kalakon sanepane ummat jaman kuna mau.

٨ - فَأَهْلَكْنَا أَشَدَّ مِنْهُم بَطْشًا وَمَضَىٰ مَثَلُ الْأَوَّلِينَ

Fa-ahlaknaa asyadda minhum bathsyaw wamadhaa matsalul awwaliin.

9. Muhammad, manawa sira andangu marang dheweke: "Sapa kang nitahake Langit lan Bumi?" Wong-wong mau mesthi anjawab: "Ingkang anitahaken Langit lan Bumi inggih punika Pangeran ingkang Maha Mulya tur ingkang Ngudaneni". 893)

٩ - وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ خَلَقَهُنَّ الْعَزِيزُ الْعَلِيمُ ۝

Wala-in sa-altahum man khalaqas samaawaati wal ardha layaquulunna khalaqahunnal 'aziizul 'aliim.

10. PanjenengaNe uga kang andadekake Bumi iki dianggo lemek makolehi kanggo sira kabeh, ing kono PanjenengaNe andokoki pirang-pirang dalan, supaya sira padha oleh pituduh menyang panggonan kang sira karepake.

١٠ - الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ مَهْدًا وَجَعَلَ لَكُمْ فِيهَا سُبُلًا لَّعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ۝

Alladzii ja'ala lakumul ardha mahdaw wa ja'ala lakum fiihaa subulal la'allakum tahtaduun.

11. Lan PanjenengaNe kang nurunake banyu udan saka ing Langit kanthi wus diukur karo kabutuhaning ngakeh, Ingsun banjur nguripi kalawan banyu mau Negara kang wus mati, ora ngetokake tethukulan. Lan kaya mangkono uga sira kabeh besuk Qiya-

١١ - وَالَّذِي نَزَّلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً بِقَدَرٍ فَأَنشَرْنَا بِهِ بَلْدَةً مَّيْتًا كَذَٰلِكَ تُخْرَجُونَ ۝

Walladzii nazzala minas samaa-i maa-am biqadarin fa-ansyarnaa bihii baldatam maitaa, kadzaalika tukhrajuun.

---

893) Sanaosa lesanipun tiyang kafir sami ngakeni Kuwasanipun Allah anitahaken Bumi - Langit saisinipun, nanging manah lan tumindakipun tetep ingkar ing dinten ba'ats wungu gesang malih saking kubur, lan maiben sadaya pranatan Agami ingkang katuntunaken dening para Andika Rasul.

mat bakal diwetokake urip maneh saka kubur! 894)

12. Lan PanjenengaNe kang andadekake sakabehe, kang jejodhoan lan wus namtokake prahu tuwin raja kaya, dadi tunggangan kanggo sira kabeh.

١٢- وَالَّذِي خَلَقَ الْأَزْوَاجَ كُلَّهَا وَجَعَلَ لَكُم مِّنَ الْفُلْكِ وَالْأَنْعَامِ مَا تَرْكَبُونَ ۝

Walladzii khalaqal azwaaja kullahaa wa ja'ala lakum minal fulki wal an'aami maa tarkabuun.

13. Supaya sira kabeh padha nunggang ana ing gigire, banjur eling marang kani'matan paparinge Pangeranira sawuse sira nunggang iku, sarta ngucap: "Maha Suci Allah! ingkang sampun nututaken tetumpakan kewan punika dhateng kula, lan kula rumiyinipun boten saged nututaken".

١٣- لِتَسْتَوُوا عَلَىٰ ظُهُورِهِ ثُمَّ تَذْكُرُوا نِعْمَةَ رَبِّكُمْ إِذَا اسْتَوَيْتُمْ عَلَيْهِ وَتَقُولُوا سُبْحَانَ الَّذِي سَخَّرَ لَنَا هَٰذَا وَمَا كُنَّا لَهُ مُقْرِنِينَ ۝

Litastawuu 'alaa zhuhuurihii tsumma tadzkuruu ni'mata rabbikum idzas-tawaitum 'alaihi wa taquuluu subhaanal ladzii sakhkhara lanaa haadzaa wamaa kunnaa lahuu muqriniin.

14. Lan sayektosipun kula sadaya punika tamtu sowan wonten ing ngarsanipun Allah Pangeran kita!"

١٤- وَإِنَّا إِلَىٰ رَبِّنَا لَمُنقَلِبُونَ ۝

Wa innaa ilaa rabbinaa lamunqalibuun.

15. Lan wong-wong kafir padha nganggep manawa Allah iku mundhut putra estri saka saweneh para kawulaNe, yaiku para Malaikat, sanyata manungsa iku cetha banget kafire.

١٥- وَجَعَلُوا لَهُ مِنْ عِبَادِهِ جُزْءًا ۚ إِنَّ الْإِنسَانَ لَكَفُورٌ مُّبِينٌ ۝

Wa ja'aluu lahuu min 'ibaadihii juz-aa, innal insaana lakafuurum mubiin.

Kaingkarane wong musyrik iku mung jalaran anggone puguh nindakake tradisi kuna.

16. Lah, apa pantes PanjenengaNe Allah mundhut putra wadon saka makhluqe, lan amaringi sira kabeh anak lanang?

١٦- أَمِ اتَّخَذَ مِمَّا يَخْلُقُ بَنَاتٍ وَأَصْفَاكُم بِالْبَنِينَ ۝

Amittakhadza minnaa yakhluqu banaatiw wa ashfaakum bil baniin.

894) Allah SWT badhe nangekaken gesang malih saking kuburan, kados dene anggenipun anggesangaken Bumi ingkang pejah sarana nurunaken toya jawah.

17. Ing mangka manawa salah sawijining wong iku dibebungah kaparingan duwe anak wadon kelakon, jebul malah kaya dene anggone Pangeran wus anggambarake raine banjur ireng nyrengungus tur karo ngandhut susah banget.

١٧- وَإِذَا بُشِّرَ أَحَدُهُم بِمَا ضَرَبَ لِلرَّحْمَٰنِ مَثَلًا ظَلَّ وَجْهُهُ مُسْوَدًّا وَهُوَ كَظِيمٌ ۝

Wa-idzaa busysyira ahaduhum bimaa dharaba lirrahmaani matsalaa, dhalla wajhuhuu muswaddaw wahuwa kazhiim.

18. Utawa apa pantes wong katitahake kapinterane pepaesan, yaiku wong wadon, lan dheweke ora pinter (kaya putra lanang), diawadake putrane Allah?

١٨- أَوَمَن يُنَشَّأُ فِي الْحِلْيَةِ وَهُوَ فِي الْخِصَامِ غَيْرُ مُبِينٍ ۝

Awamay yunasysya-u fil hilyati wa huwa fil khishaami ghairu mubiin.

19. Dheweke padha nganggep para Malaikat iku wadon, hiya kawulane Allah Dzat kang Maha Murah. Lan apa wong iku padha nungkuli nalika Allah nitahake Malaikat? Panganggepe wong-wong mengkono iku mesthi bakal kadangu katerangane.

١٩- وَجَعَلُوا الْمَلَائِكَةَ الَّذِينَ هُمْ عِبَادُ الرَّحْمَٰنِ إِنَاثًا أَشَهِدُوا خَلْقَهُمْ ۚ سَتُكْتَبُ شَهَادَتُهُمْ وَيُسْأَلُونَ ۝

Wa ja'alul malaa-ikatal ladziina hum 'ibaadur rahmaani inaatsaa, asyahiduu khalqahum, satuktabu syahaadatuhum wa yus-aluun.

20. Wong kafir Mekkah iku padha ngucap: "Saupama Allah kang Maha Murah ngarsakake, mesthine aku ya ora nyembah marang Malaikat". Pangucape kang mangkono iku tanpa kawruh, ora liya dheweke iku, kajaba mung padha gawe goroh". 895)

٢٠- وَقَالُوا لَوْ شَاءَ الرَّحْمَٰنُ مَا عَبَدْنَاهُم ۗ مَّا لَهُم بِذَٰلِكَ مِنْ عِلْمٍ ۖ إِنْ هُمْ إِلَّا يَخْرُصُونَ ۝

Wa qaaluu lau syaa-ar rahmaanu maa 'abadnaahum, maa lahum bidzaalika min 'ilmin in hum illaa yakhrushuun.

٢١- أَمْ آتَيْنَاهُمْ كِتَابًا مِّن قَبْلِهِ فَهُم بِهِ مُسْتَمْسِكُونَ ۝

---

895) Sawenehipun tiyang kafir Mekkah anggenipun boten saged nolak malih piwulang leres (Agami Islam) saking Rasulullah s.a.w. lajeng sami pados santolan ingkang boten-boten, inggih punika criyos makaten: "Kita sami sasarengan nyembah Malaikat lan brahala punika: saking takdiripun Allah. Dene manawi Allah boten rena tumindak kita makaten wau, tamtu kita inggih boten saged nindakaken, dados tumindak kita nyembah Malaikat lan brahala punika sampun takdiripun Allah". Makaten tiyang kafir nyalahaken takdiripun Allah. Dhawuhing Allah: "Pangucape wong kafir mau tanpa kawruh bab anggone nyurasa karsaning Allah (takdir)", inggih punika buin manungsa punika boten saged mangertos sarta boten saged sumerap maksuding Allah ing sajatosipun (hakekatipun) ing satunggaling dhawuh lan papacuh, sabab bab punika wewadosing jagad, hamung Allah pribadi ingkang Priksa. Dados boten badhe kelampahan manungsa nggayuh bab wau. Mesthinipun ndherek dhawuh lan nilar pepacuh inggih punika musyrik, nyembah Malaikat lan brahala, boten narik kasimpulan utawi damel santolan takdiripun Allah, ingkang piyambakipun boten mangertos. Pramila manawi leres adhedhasar takdir, tamtu tiyang wau boten kenging nyalahaken Nabi Muhammad s.a.w., boten kenging ngancam, bekot, lan badhe mejahi, sarta boten wonten alasanipun badhe nyalahaken tiyang sami mlebet Islam lan Iman, sabab sadaya punika takdiripun Allah ugi!" Pancen piyambakipun punika namung damel gegorohan, boten nganggé aksioma ingkang logis!"

21. Lah apa dheweke padha Ingsun paringi Kitab sadurunge Quraan, kang ambenerake panganggepe mau, wusana banjur padha cecekelan ing Kitab mau? 896)

Am aatainaahum kitaabam min qablihii fahum bihii mustamsikuun.

٢١ - أَمْ ءَاتَيْنَٰهُمْ كِتَٰبًا مِّن قَبْلِهِۦ فَهُم بِهِۦ مُسْتَمْسِكُونَ ۝

22. Balik wong-wong iku padha ngucap: "Sanyata aku wus nemu para Leluhurku ana ing sawijining Agama kang nyembah saliyane Allah, lan aku ana ing tapak tilase para Leluhur mau oleh pituduh".

Bal qaaluu innaa wajadnaa aabaa-anaa 'alaa ummatiw wa innaa 'alaa aatsaarihim muhtaduun.

٢٢ - بَلْ قَالُوٓا۟ إِنَّا وَجَدْنَآ ءَابَآءَنَا عَلَىٰٓ أُمَّةٍ وَإِنَّا عَلَىٰٓ ءَاثَٰرِهِم مُّهْتَدُونَ ۝

23. Kaya mangkono uga Ingsun ora ngutus sawijining juru pepeling sadurungira Muhammad, marang Negara, kajaba wong-wong kang sugih mesthi ngucap: "Satemene aku wus nemu para Leluhurku (tradisiku) kang manut sawijining Agama, lan aku padha angleluri tradisine Leluhurku mau". 897)

Wa kadzaalika maa arsalnaa min qablika fii qaryatim min nadziirin illaa qaala mutrafuuhaa innaa wajadnaa aabaa-anaa 'alaa ummatiw wa innaa 'alaa aatsaarihim muqtaduun.

٢٣ - وَكَذَٰلِكَ مَآ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ فِى قَرْيَةٍ مِّن نَّذِيرٍ إِلَّا قَالَ مُتْرَفُوهَآ إِنَّا وَجَدْنَآ ءَابَآءَنَا عَلَىٰٓ أُمَّةٍ وَإِنَّا عَلَىٰٓ ءَاثَٰرِهِم مُّقْتَدُونَ ۝

24. Rasul ngandika: "Apa sanajan tekaku ing sira kabeh nuduhake kang luwih bener tinimbang tradisine Leluhurmu kang sira temu iku, sira meksa ngrungkebi barang kang ora bener?" Atur wangsulane: "Saestunipun kula sami kafir dhateng pitedah ingkang Panjenengan ampil".

Qaala awalau ji'tukum bi-ahdaa mimmaa wajad-tum 'alaihi aabaa-akum, qaaluu innaa bimaa ursiltum bihii kaafiruun.

٢٤ - قَٰلَ أَوَلَوْ جِئْتُكُم بِأَهْدَىٰ مِمَّا وَجَدتُّمْ عَلَيْهِ ءَابَآءَكُمْ ۖ قَالُوٓا۟ إِنَّا بِمَآ أُرْسِلْتُم بِهِۦ كَٰفِرُونَ ۝

25. Wusana Ingsun banjur nyiksa marang wong kang mangkono iku kabeh. Muhammad, sira andelenga kapriye kedadeyane wong kang padha maido".

Fantaqamnaa minhum fanzhur kaifa kaana 'aaqibatul mukadzdzibiin.

٢٥ - فَٱنتَقَمْنَا مِنْهُمْ ۖ فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُكَذِّبِينَ ۝

---

896) Utawi punapa nate Gusti Allah punika nurunaken Kitab Suci, sasanesipun Kitab Suci Quraan, ingkang ngengingaken tiyang nyembah Malaikat lan brahala, lajeng kenging kangge dameldamel alasan (damel santolan).

897) Wonten ing ayat: 24 - 25 anerangaken bilih nglestantunaken tradisi (Agami) leluhur ingkang musyrik (nyembah sanesipun Allah) lan leluhur ingkang kafir punika boten leres! Dene nglestantunaken tradisi (Agami) ingkang leres punika kedah dipun lestantunaken sarta dipun kiyataken; kadosta gotong royong, lung tinulung, guyup rukun kaliyan sasami-sami, gesang ingkang bares, beres, lan jujur, punika malah wajib:

Nabi Ibrahim a.s. iku dhemen marang Leluhure, nanging Panjenengane nglawan marang tradisine.

26. Lan elinga! nalika Ibrahim matur marang Bapakne lan kaume: "Sayektosipun kula mboten magepokan kaliyan brahala ingkang sami sampeyan sembah!

٢٦- وَإِذْ قَالَ إِبْرَٰهِيمُ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِۦٓ إِنَّنِى بَرَآءٌ مِّمَّا تَعْبُدُونَ ۝

Wa-idz qaala ibraahiimu li-abiihi wa qaumihii innanii baraa-um mimmaa ta'buduun.

27. Ingkang kula sembah ngemungaken Allah ingkang anitahaken kula! Lan Panjenenganipun Allah kapareng paring pitedah ing kula".

٢٧- إِلَّا ٱلَّذِى فَطَرَنِى فَإِنَّهُۥ سَيَهْدِينِ ۝

Illalladzii fatharanii fa-innahuu sayahdiin

28. Lan Panjenengane Allah ndadekake Kalimah Tauhid tetep tumrap para tedhak turune, supaya dheweke padha bali marang Agama Ibrahim.

٢٨- وَجَعَلَهَا كَلِمَةًۢ بَاقِيَةً فِى عَقِبِهِۦ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ۝

Wa ja'alahaa kalimatan baaqiyatan fii 'aqibihii la'allahum yarji'uun.

29. Malah wong kafir Mekkah dalah para Leluhure iku, Ingsun paringi kanikmatan urip nganti katekanan barang haq, yaiku Quraan, lan Utusaning Allah kang paring katerangan!

٢٩- بَلْ مَتَّعْتُ هَٰٓؤُلَآءِ وَءَابَآءَهُمْ حَتَّىٰ جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ وَرَسُولٌ مُّبِينٌ ۝

Bal matta'tu haa-ulaa-i wa aabaa-ahum hattaa jaa-ahumul haqqu wa rasuulum mubiin.

30. Bareng wong-wong mau wus katekanan barang haq, yaiku Quraan, banjur padha ngucap: "Quraan iku sihir! lan aku kabeh maido marang Quraan iku".

٣٠- وَلَمَّا جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ قَالُوا۟ هَٰذَا سِحْرٌ وَإِنَّا بِهِۦ كَٰفِرُونَ ۝

Wa lammaa jaa-ahumul haqqu qaaluu haadzaa sihruw wa innaa bihii kaafiruun.

Kasugihan lan rerenggan iku kani'mat an urip Donya, dene kabegjan-jati ing Akherat iku mung bisa kagayuh dening taqwa!

31. Dheweke padha ngucap maneh: "mBok hiya, Quraan iku katurunake marang Gegedhuge Negara loro (Mekkah lan Thaif) kang anduweni kawibawan gedhe!

٣١- وَقَالُوا۟ لَوْلَا نُزِّلَ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانُ عَلَىٰ رَجُلٍ مِّنَ ٱلْقَرْيَتَيْنِ عَظِيمٍ ۝

Wa qaaluu laulaa nuzzila haadzal quraanu 'alaa rajulim minal qaryataini 'azhiim.

32. Dhawuhing Allah: "Apa wong-wong iku ngedum rahmate Allah Pangeranira?" Ingsun piyambak kang ngedum panguripan, sangu urip ana ing Donya, lan Ingsun ngluhurake marang saweneh ngungkuli ing sawenehe, tikel matikel pirang-pirang derajat, ing wusana saweneh marang sawenehe padha ngremehake. Lan rahmating Pangeranira iku luwih becik tinimbang barang kang padha dikumpulake. 898)

٣٢- أَهُمْ يَقْسِمُونَ رَحْمَتَ رَبِّكَ نَحْنُ قَسَمْنَا بَيْنَهُمْ مَّعِيشَتَهُمْ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَرَفَعْنَا بَعْضَهُمْ فَوْقَ بَعْضٍ دَرَجٰتٍ لِّيَتَّخِذَ بَعْضُهُم بَعْضًا سُخْرِيًّا وَرَحْمَتُ رَبِّكَ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ○

Ahum yaqsimuuna rahmata rabbik, nahnu qasamnaa bainahum ma'iisyatahum fil hayaatid dunyaa wa rafa'naa ba'dhahum fauqa ba'dhin darajaatil liyattakhidza ba'dhuhum ba'dhan sukhriyyaa, wa rahmatu rabbika khairum mimmaa yajma'uun.

33. Lan samungguha Allah ora Nguwatirake yen para manungsa dadi golongan siji, yaiku golongan kang kafir marang Allah, amesthi wong kang ngafiri ing Allah kang Maha Murah padha Ingsun paringi omah sungsun kang payone ginawe saka salaka, lan ana andhane kang dianggo munggah!

٣٣- وَلَوْلَآ أَن يَكُونَ النَّاسُ أُمَّةً وَٰحِدَةً لَّجَعَلْنَا لِمَن يَكْفُرُ بِالرَّحْمٰنِ لِبُيُوتِهِمْ سُقُفًا مِّن فِضَّةٍ وَمَعَارِجَ عَلَيْهَا يَظْهَرُونَ ○

Wa laulaa ay yakuunan naasu ummataw waahidatal laja'alnaa limay yakfuru birrahmaani libuyuutihim suqufam min fidhdhatiw wa ma'aarija 'alaihaa yazharuun.

898) Suraosing ayat: 31 - 32 punika makaten: Tiyang kafir Mekkah lan Thaif sami gadhah pamanggih bilih perkawis Agami punika perkawis ageng, boten saben tiyang saged, pramila kedah dipun asta Priyagung saking Mekkah utawi saking Thaif. Ananging Allah Maha Kuwaos, sarta Maha Wicaksana, milih kawulaniPun, katetepaken dados Nabi lan Rasul pungkasan, Muhammad s.a.w. Ingkang pinitados "Al Amin". Asalipun lare yatim, yuswa 12 tahun angen menda ngupados nafkah piyambak. Yuswa 35 tahun, sabab mlebet Masjidil Haram rumiyin piyambak, kapilih dados Pemimpin Upacara andandosi Padaleman Suci Ka'bah, ingkang risak dening bena bandhang. Yuswa 40 tahun, panjenenganiPun wiwit nampi Wahyu sarta kajumenengaken dados Rasulullah s.a.w. sarta ngampil wahyu Al Quraan, kangge Ummat Manungsa saJagad Raya, sadaya Bangsa, ingkang sapunika cacahipun ummat Islam boten kirang saking 908.272.000 jiwa (Word Muslim gazetter 1975). Inggih punika Rahmatipun Allah, kaparingaken sintena kemawon ingkang Kakarsakaken!
Makaten ugi Rahmating Allah ingkang kaparingaken ing masyarakating para manungsa sadaya, ing babagan sosial ekonomi, cetha sanget kasagetanipun manungsa punika warni-warni, wonten ingkang saged dados tani, nelayan, tukang kajeng, tukang roti, juru masak, dokter, guru, insinyur, notaris, kontraktor, pegawai Negeri, prajurit, adpokat, jeksa, hakim, dados pemimpin, sadaya nganggeni kasagedanipun piyambak-piyambak lan angsal imbalan (upah) jasanipun, pikantuk bayar utawi honorarium, ingkang cocok kalayan profesinipun piyambak-piyambak. Ing olah-raga kemawon ugi makaten, kathah pemain sepakbola angsal bayaran tetep saben wulan boten kirang saking atusan ewu rupiah! Dados Rahmating Allah wau dipun paringaken lan dipun dum adil sarta wradin ing para kawulanipun sadaya Bangsa.

34. Lan omahe iku akeh kori-korine, lan ana kanthiie akeh, ana ing kono dheweke padha leleyehan.

٣٤- وَلِبُيُوتِهِمْ أَبْوَابًا وَسُرُرًا عَلَيْهَا يَتَّكِئُونَ ۝

Wa libuyuutihim abwaabaw wa suruuran 'alaihaa yattaki-uun.

35. Lan padha Ingsun paringi sawernaning rerenggan! Iku kabeh minangka bebungah ana ing kauripan Donya. Dene ganjaran Akherat besuk ana ing ngarsaning Pangeranira iku dicawisake marang wong kang taqwa ing Allah! [899]

٣٥- وَزُخْرُفًا وَإِن كُلُّ ذَٰلِكَ لَمَّا مَتَاعُ الْحَيَاةِ الدُّنْيَا ۚ وَالْآخِرَةُ عِندَ رَبِّكَ لِلْمُتَّقِينَ ۝

Wa zukhrufaa, wa-in kullu dzaalika lammaa mataa'ul hayaatid dunyaa wal aakhiratu 'inda rabbika lilmuttaqiin.

36. Sapa wonge sing malengos saka pepelinge Allah kang Maha Murah, tumrap wong iku nuli Ingsun nemtokake syetan, minangka dadi kancane!

٣٦- وَمَن يَعْشُ عَن ذِكْرِ الرَّحْمَٰنِ نُقَيِّضْ لَهُ شَيْطَانًا فَهُوَ لَهُ قَرِينٌ ۝

Wamay ya'syu 'an dzikrir rahmaani nuqayyidh lahuu syaithaanan fahuwa lahuu qariin.

37. Lan temen syetan iku nyegah marang wong mau ngambah dalanNe Allah, lan kancane padha ngira yen wus oleh pituduh.

٣٧- وَإِنَّهُمْ لَيَصُدُّونَهُمْ عَنِ السَّبِيلِ وَيَحْسَبُونَ أَنَّهُم مُّهْتَدُونَ ۝

Wa innahum layashudduu lahum 'anis sabiili wa yahsabuuna annahum muhtaduun.

38. Sahingga manawa wong iku padha sowan ing ngarsanIngsun, padha ngucap marang syetane: "He syetan! mbok biyen aku

٣٨- حَتَّىٰ إِذَا جَاءَنَا قَالَ يَا لَيْتَ بَيْنِي وَبَيْنَكَ بُعْدَ الْمَشْرِقَيْنِ فَبِئْسَ الْقَرِينُ ۝

---

899) Suraosipun ayat: 33 - 35 punika sesambetan ayat saderengipun. Inggih punika mengetaken, bilih kados katerangan ing nginggil, saking hikmah lan adilipun Allah, panggesanganipun manungsa miturut kasagedan lan kasagahan utawi professinipun piyambak-piyambak. Tetiyang wau wonten ingkang sugih-brewu, griyanipun magrong-magrong, putranipun kathah, pangkatipun inggil. Ugi wonten ingkang mlarat, griyanipun alit tur trocoh, boten gadhah pangkat (derajat), namung tiyang ngawam (limrah). Kawontenan wau sami ugi tiyang Islam utawi kafir, utawi tiyang musyrik sami kemawon. Boten leres, miturut piwucal Islam, bilih Donya punika bluwenipun tiyang Islam, suwarganipun tiyang kafir. Lan Akherat punika suwarganipun tiyang Islam, bluwenipun tiyang kafir. Dene ingkang leres: Islam majibaken tiyang Islam marsudi Kadonyan sarana margi halal, lan adhedhasar gesang taqwa, sarta kathah-kathah amal sae, sarana kasugihanipun lan wibawaning pangkatipun. Dados cetha sanget piwucalipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. punika positif, konstruktif lan dinamis, wonten ing papan pundi kemawon! Kasimpulanipun marsudi kani'matan Donya punika wajib dipun udi sarana margi halal, sasarengan marsudi kabegjan-jati ing Akherat benjing, punika ugi wajib dipun amalaken sarana ikhlas! Inggih margi punika kawastanan "Shirathal mustaqiim", margi ingkang dumugi karidlaning Allah SWT.

lan kowe iku diedohake kaya adohe Wetan lan Kulon, kowe iku jebul sak ala-alane konco"

Hattaa idzaa jaa-anaa qaala yaa laita bainii wa bainaka bu'dal masyriqaini fabi'sal qariin.

39. Dhawuhe Allah: "Ing dina iki wis ora ana apa-apa kang manfa'ati ing sira kabeh, amarga sira wus padha tumindak nganiaya. Mula, sira kabeh wus katetepake padha dadi sekuthune syetan ana ing pasiksan.

٣٩- وَلَن يَنفَعَكُمُ ٱلْيَوْمَ إِذ ظَّلَمْتُمْ أَنَّكُمْ فِى ٱلْعَذَابِ مُشْتَرِكُونَ ۝

Walay yanfa'akumul yauma idz zhalamtum annakum fil 'adzaabi musytarikuun.

40. Muhammad, apa sira bisa gawe krungu marang wong budheg, utawa gawe awas marang wong wuta, yaiku wong kafir kang wus tetela anggone sasar.

٤٠- أَفَأَنتَ تُسْمِعُ ٱلصُّمَّ أَوْ تَهْدِى ٱلْعُمْىَ وَمَن كَانَ فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ۝

Afa-anta tusmi'ush shumma au tahdil 'umya waman kaana fii dhalaalim mubiin.

41. Manawa Ingsun mateni (nyirnakake) ing sira Muhammad, sadurunge sira oleh kamenangan temen Ingsun mesthi matrapi siksa marang wong kafir sing nyasar iku.

٤١- فَإِمَّا نَذْهَبَنَّ بِكَ فَإِنَّا مِنْهُم مُّنتَقِمُونَ ۝

Fa-immaa tadzhabanna bika fa-innaa minhum muntaqimuun.

42. Utawa bisa uga sira Ingsun weruhake tumuruning siksa kang wus Ingsun ancamake marang dheweke. Sanyata Ingsun kang Kuwasa amatrapi siksa marang wong iku kabeh.

٤٢- أَوْ نُرِيَنَّكَ ٱلَّذِى وَعَدْنَٰهُمْ فَإِنَّا عَلَيْهِم مُّقْتَدِرُونَ ۝

Au nuriyannakal ladzii wa'adnaahum fa-innaa 'alaihim muqtadiruun.

43. Mula, sira Muhammad cekelana kalawan teguh Agama kang wus Ingsun wahyokake marang sira, sanyata sira iku wus netepi ngambah ana ing dalan kang jejeg.

٤٣- فَٱسْتَمْسِكْ بِٱلَّذِىٓ أُوحِىَ إِلَيْكَ ۖ إِنَّكَ عَلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ۝

Fastamsik billadzii uuhiya ilaika innaka 'alaa shiraathim mustaqiim.

44. Lan sanyata Al Quraan iku dadi pepeling mulya (utawa) tumrap sira lan ummat golonganira, ing besuk sira kabeh bakal padha didangu!

٤٤- وَإِنَّهُۥ لَذِكْرٌ لَّكَ وَلِقَوْمِكَ ۖ وَسَوْفَ تُسْـَٔلُونَ ۝

Wa innahuu ladzikrul laka wa liqaumika wa saufa tus-aluun.

45. Muhammad sira pitakona para Rasul kang Ingsun utus sadurungira, apa ana kang Ingsun paringi sesembahan liyane Allah kang Maha Murah?

٤٥- وَسْـَٔلْ مَنْ أَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ مِنْ رُّسُلِنَآ أَجَعَلْنَا مِنْ دُوْنِ الرَّحْمٰنِ اٰلِهَةً يُّعْبَدُوْنَ ۝

Was-al man arsalnaa min qablika mir rusulinaa aja'alnaa min duunir rahmaani aalihatay yu'baduun.

Tumpes tapise Fir'aun supaya dadi tepa tuladha ummat saDonya.

46. Lan sanyata Ingsun wus ngutus Musa marang Fir'aun lan para Nayaka sarta wadyabalane, kalawan ngampil mu'jizat-mu'jizat-Ingsun. Musa ngucap: "Kula punika Utusanipun Allah, Pangeraning 'Alam Jagad Raya".

٤٦- وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوْسٰى بِاٰيٰتِنَآ إِلٰى فِرْعَوْنَ وَمَلَا۟ئِهٖ فَقَالَ إِنِّيْ رَسُوْلُ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Walaqad arsalnaa muusaa bi-aayaatinaa ilaa fir'auna wa mala-ihii faqaala innii rasuulu rabbil 'aalamiin.

47. Nanging bareng Musa anekani marang wong iku kabeh, kalawan ngampil mu'jizat-mu'jizatIngsun ing kono Fir'aun lan para Nayaka sarta wadyabalane padha anggeguyu ngremehake.

٤٧- فَلَمَّا جَآءَهُمْ بِاٰيٰتِنَآ إِذَا هُمْ مِّنْهَا يَضْحَكُوْنَ ۝

Falammaa jaa-ahum bi-aayaatinaa idzaa hum minhaa yadh-hakuun.

48. Lan Ingsun ora ngatonake mu'jizat kang anyar, kajaba mesthi luwih hebad tinimbang kang dhisik. Ingsun wus matrapi siksa ing wong-wong iku supaya padha gelem bali menyang dalan kang jejeg.

٤٨- وَمَا نُرِيْهِمْ مِّنْ اٰيَةٍ إِلَّا هِيَ أَكْبَرُ مِنْ أُخْتِهَا وَأَخَذْنٰهُمْ بِالْعَذَابِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُوْنَ ۝

Wamaa nuriihim min aayatin illaa hiya akbaru min ukhtihaa wa akhadznaahum bil'adzaabi la'allahum yarji'uun.

49. Fir'aun sawadyane padha ngucap: "He Musa ahli sihir! aku suwunna marang Allah Pangeranira, ing barang kang wus kajanjekake kalawan sira, aku banjur padha gelem nampa pituduh".

٤٩- وَقَالُوْا يٰٓأَيُّهَ السّٰحِرُ ادْعُ لَنَا رَبَّكَ بِمَا عَهِدَ عِنْدَكَ إِنَّنَا لَمُهْتَدُوْنَ ۝

Wa qaaluu yaa ayyuhas saahirud'u lanaa rabbaka bimaa 'ahida 'indaka innanaa lamuhtaduun.

50. Bareng Ingsun ngilangi siksane wong-wong mau, gegancangan dheweke padha ngrusak janjine.

٥٠- فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُمُ الْعَذَابَ إِذَا هُمْ يَنْكُثُوْنَ ۝

Falammaa kasyafnaa 'anhumul 'adzaaba idzaa hum yankutsuun.

51. Lan Raja Fir'aun andangu kaume: "He kaumku! apa dudu aku kang ngasta Kratoning nagara Mesir, lan kali-kali padha mili ana ing sangisore KratonKu, apa sira kabeh ora padha sumurup?

٥١- وَنَادٰى فِرْعَوْنُ فِيْ قَوْمِهٖ قَالَ يٰقَوْمِ اَلَيْسَ لِيْ مُلْكُ مِصْرَ وَهٰذِهِ الْاَنْهٰرُ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِيْ ۚ اَفَلَا تُبْصِرُوْنَ ۝

Wa naadaa fir'aunu fii qaumihii qaala yaa qaumi alaisa lii mulku mishra wa haadzihil anhaaru tajrii min tahtii, afalaa tubshiruun.

52. Apa aku iki dudu sing luwih becik tinimbang Musa, wong kang ina, tur yen omong groyok ora cetha apa gunemane!

٥٢- اَمْ اَنَا خَيْرٌ مِّنْ هٰذَا الَّذِيْ هُوَ مَهِيْنٌ ۙ وَّلَا يَكَادُ يُبِيْنُ ۝

Am ana khairum min haadzal ladzii huwa muhiinuw walaa yakaadu yubiin.

53. mBok hiya Musa kuwi nganggo gelang emas (tandhaning Priyagung Mesir!), utawa tekane mrene kairing para Malaikat".

٥٣- فَلَوْلَآ اُلْقِيَ عَلَيْهِ اَسْوِرَةٌ مِّنْ ذَهَبٍ اَوْ جَآءَ مَعَهُ الْمَلٰٓئِكَةُ مُقْتَرِنِيْنَ ۝

Falau laa ulqiya 'alaihi aswiratum min dzahabin au jaa-a ma'ahul malaa-ikatu muqtariniin.

54. Tumuli Fir'aun mau ngempakake daya-pangaribawane marang kaume sarana guneme iku, nganti padha lestari manut marang Fir'aun, sanyata wong-wong mau kaum kang padha duraka!

٥٤- فَاسْتَخَفَّ قَوْمَهٗ فَاَطَاعُوْهُ ۗ اِنَّهُمْ كَانُوْا قَوْمًا فٰسِقِيْنَ ۝

Fastakhaffa qaumahuu fa-athaa'uuhu, innahum kaanuu qauman faasiqiin.

55. Bareng tumindake Fir'aun sak kaume andadekake DukanIngsun, wong-wong mau banjur Sun patrapi siksa, Ingsun keremake ing Segara kabeh tumpes sacindhile abang!

٥٥- فَلَمَّآ اٰسَفُوْنَا انْتَقَمْنَا مِنْهُمْ فَاَغْرَقْنٰهُمْ اَجْمَعِيْنَ ۝

Falammaa aasafuunan taqamnaa minhum fa-aghraqnaahum ajma'iin.

56. Wong-wong mau banjur Ingsun dadekake tepa-palupi, lan gegambaran (imajinasi) minangka piwulang tumrap wong-wong kang keri-keri!

٥٦- فَجَعَلْنٰهُمْ سَلَفًا وَّمَثَلًا لِّلْاٰخِرِيْنَ ۝

Faja'alnaahum salafaw wa matsalal lil-aakhiriin.

Nabi 'Isa a.s. putrane Maryam ajak-ajak ummate iman ing Allah.

57. Lan ing nalika 'Isa putrane Maryam kadadekake tepa tuladhaning brahala dening wong musyrik Quraisy Mekkah, ingkono dheweke nuli padha bungah gumuyu cikrak-cikrak!

٥٧- وَلَمَّا ضُرِبَ ابْنُ مَرْيَمَ مَثَلًا إِذَا قَوْمُكَ مِنْهُ يَصِدُّونَ ٥

Walammaa dhuribabnu maryama matsalan idzaa qaumuka minhu yashidduun.

58. Pangucape wong-wong iku: "Becik endi brahala sesembahanku karo dheweke 'Isa?" Wong-wong iku ora anggambarake 'Isa marang sira, kajaba mung amadoni ing sira, temen dheweke iku pancen dhemen padu!

٥٨- وَقَالُوا ءَأَلِهَتُنَا خَيْرٌ أَمْ هُوَ مَا ضَرَبُوهُ لَكَ إِلَّا جَدَلًا بَلْ هُمْ قَوْمٌ خَصِمُونَ ٥

Wa qaaluu a-aalihatunaa khairun am huwa, maa dharabuuhu laka illaa jadalaa, bal hum qaumun khashimuun.

59. Ora liya dheweke 'Isa iku kajaba kawulanIngsun kang wus Ingsun paringi kani'matan, lan Ingsun dadekake gegambaran tamsil (tuladha) marang Bani Israil.

٥٩- إِنْ هُوَ إِلَّا عَبْدٌ أَنْعَمْنَا عَلَيْهِ وَجَعَلْنَاهُ مَثَلًا لِبَنِي إِسْرَائِيلَ ٥

In huwa illaa 'abdun an'amnaa 'alaihi wa ja'alnaahu matsalal libanii israa-iil.

60. Lan upama dadi kaparenging karsanIngsun, temen Ingsun andadekake para Malaikat iku minangka dadi sesuluhira ana ing Bumi.

٦٠- وَلَوْ نَشَاءُ لَجَعَلْنَا مِنْكُمْ مَلَائِكَةً فِي الْأَرْضِ يَخْلُفُونَ ٥

Walau nasyaa-u laja'alnaa minkum malaaikatan fil ardhi yakhlufuun.

61. Satemene dina Qiyamat iku prakara kang wus kinaweruhan mesthi kalakone. Sira aja mamang prakara dina Qiyamat, lan sira padha ngestokna parintahIngsun, sanyata Al Quraan iku dedalan kang jejeg!

٦١- وَإِنَّهُ لَعِلْمٌ لِلسَّاعَةِ فَلَا تَمْتَرُنَّ بِهَا وَاتَّبِعُونِ هَٰذَا صِرَاطٌ مُسْتَقِيمٌ ٥

Wa innahuu la'ilmul lissaa'ati falaa tamtarunna bihaa wattabi'uun, haadzaa shiraathum mustaqiim.

62. Lan maneh sira aja nganti kandheg aening bujuking syetan, satemene syetan iku wus cetha dadi mungsuhira kabeh.

٦٢- وَلَا يَصُدَّنَّكُمُ الشَّيْطَانُ إِنَّهُ لَكُمْ عَدُوٌّ مُبِينٌ ٥

Walaa yashuddannakumusy syaithaanu, innahuu lakum 'aduwwum mubiin.

٦٣- وَلَمَّا جَآءَ عِيسَىٰ بِالْبَيِّنَٰتِ قَالَ قَدْ جِئْتُكُم بِالْحِكْمَةِ وَلِأُبَيِّنَ لَكُم بَعْضَ الَّذِى تَخْتَلِفُونَ فِيهِ ۖ فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝

Walammaa jaa-a 'iisaa bil bayyinaati qaala qad ji'tukum bil hikmati waliubayyina lakum ba'dhal ladzii takhtalifuuna fiih, fattaqullaaha wa athii-'uun.

63. Lan nalikane 'Isa rawuh ngampil tandha yekti kang pratela, pangandikane: "Temen, rawuhku ing sira kabeh iki kalawan kawicaksanan, lan aweh katerangan ing sira kabeh saweneh prakara kang padha sira pasulayakake. Sira padha wedia ing Allah, lan manuta aku!"

٦٤- إِنَّ اللَّهَ هُوَ رَبِّى وَرَبُّكُمْ فَاعْبُدُوهُ ۗ هَٰذَا صِرَٰطٌ مُّسْتَقِيمٌ ۝

Innallaaha huwa rabbii wa rabbukum fa'buduuhu haadzaa shiraathum mustaqiim.

64. Sanyata Allah iku Pangeranku lan Pangeranira, mulani sira nyembaha ing PanjenengaNe, hiya mangkene iki dalan kang jejeg".

٦٥- فَاخْتَلَفَ الْأَحْزَابُ مِنۢ بَيْنِهِمْ ۖ فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ مِنْ عَذَابِ يَوْمٍ أَلِيمٍ ۝

Fakhtalafal ahzaabu mim bainihim fawailul lilladziina zhalamuu min 'adzaabi yaumin aliim.

65. Wong Bani Israil banjur padha beda ing panemu, nganti apantha-pantha! Cilaka wong kang nganiaya, besuk ing dina Qiyamat bakal kapatrapan siksa kang nglarani.

٦٦- هَلْ يَنظُرُونَ إِلَّا السَّاعَةَ أَن تَأْتِيَهُم بَغْتَةً وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ۝

Hal yanzhuruuna illas saa'ata an ta'tiyahum baghtataw wahum laa yasy-'uruun.

66. Dheweke ora padha ngenteni, kajaba tekane dina Qiyamat kang kalawan ngeget, ana ing mangsane wong-wong iku ora padha nglegewa!

٦٧- ٱلْأَخِلَّآءُ يَوْمَئِذٍۭ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ إِلَّا ٱلْمُتَّقِينَ ۝٦٧

Al-akhilllaa-u yauma-idzim ba'dhuhum liba'dhin 'aduwwun illal muttaqiin.

67. Ing dina Qiyamat iku, wong kang maune sih-sinihan banjur padha memungsuhan saweneh karo sawenehe, kajaba wong kang padha taqwa ing Allah. 900)

900) Memitran adhedhasar taqwa ing Allah, nuwuhaken memitran ing babagan ekonomi, politik, sosial budaya lan hankamnas ingkang maslahat Donya dumugi Akheratipun. Dados boten adhedhasar nguthuh material thok, ananging adhedhasar ugi moral Agami.

Karaharjan jati kang dini'mati ahli Suwarga, lan kasangsaran kang tansah disandhang dening ahli Neraka.

68. Dhawuhing Allah: "He para kawulan-Ingsun! ing dina iki sira kabeh ora kuwatir apa-apa lan ora padha nemahi susah".

٦٨- يٰعِبَادِ لَا خَوْفٌ عَلَيْكُمُ الْيَوْمَ وَلَآ أَنتُمْ تَحْزَنُونَ ۝

Yaa 'ibaadi laa khaufun 'alaikumul yauma walaa antum tahzanuun.

69. Yaiku kang padha iman ing ayat-ayat-Ingsun, lan padha Islam (sumarah ing Allah).

٦٩- ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَا وَكَانُوا۟ مُسْلِمِينَ ۝

Alladziina aamanuu bi-aayaatinaa kaanuu muslimiin.

70. Dhawuhing Allah maneh: "Sira lan bojonira kabeh padha malebua ing Suwarga karo bungah-bungah".

٧٠- ٱدْخُلُوا۟ ٱلْجَنَّةَ أَنتُمْ وَأَزْوَٰجُكُمْ تُحْبَرُونَ ۝

Udkhulul jannata antum wa azwaajukum tuhbaruun.

71. Kang diladekake marang wong-wong ahli Suwarga iku piring lan gelas kang saka emas, isi panganan kang disenengi ati, tur ngresepake paningal, ana ing kono sira padha langgeng.

٧١- يُطَافُ عَلَيْهِم بِصِحَافٍ مِّن ذَهَبٍ وَأَكْوَابٍ ۖ وَفِيهَا مَا تَشْتَهِيهِ ٱلْأَنفُسُ وَتَلَذُّ ٱلْأَعْيُنُ ۖ وَأَنتُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ۝

Yuthaafu 'alaihim bishihaafim min dzahabiw wa akwaabin, wa fiihaa maa tasytahiihil anfusu wa taladzdzul a'yunu, wa antum fiihaa khaaliduun.

72. Suwarga kang mangkono iku sing Ingsun warisake marang sira kabeh, jalaran saka dening 'amal kang wus padha sira tindakake.

٧٢- وَتِلْكَ ٱلْجَنَّةُ ٱلَّتِىٓ أُورِثْتُمُوهَا بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝

Wa tilkal jannatul latii uuritstumuu haa bimaa kuntum ta'maluun.

73. Ana ing Suwarga kono akeh woh-wohan kaparingake sira kabeh, sira pangan rasane enak!

٧٣- لَكُمْ فِيهَا فَٰكِهَةٌ كَثِيرَةٌ مِّنْهَا تَأْكُلُونَ ۝

Lakum fiihaa faakihatun katsiiratum minhaa ta'kuluun.

74. Satemene wong (kafir) kang padha duraka, padha kapatrapan siksa Neraka Jahanam kalawan langgeng.

٧٤- إِنَّ ٱلْمُجْرِمِينَ فِى عَذَابِ جَهَنَّمَ خَٰلِدُونَ ۝

Innal mujrimiina fii 'adzaabi jahannama khaaliduun.

75. Wong iku tanpa nganggo dienthengake lan padha pedhot pangarep-arepe ana ing siksa kono.

٧٥- لَا يُفَتَّرُ عَنْهُمْ وَهُمْ فِيهِ مُبْلِسُونَ ۝

Laa yufattaru 'anhum wahum fiihi mublisuun.

76. Ingsun ora nganiaya ing wong iku kabeh, ananging hiya wong-wong iku dhewe kang padha nganiaya marang awake.

٧٦- وَمَا ظَلَمْنَاهُمْ وَلَٰكِن كَانُوا هُمُ الظَّالِمِينَ ۝

Wamaa zhalamnaahum walaakin kaanuu humuzh zhaalimiin.

77. Wong-wong ahli Neraka padha sasambat mangkene: "Dhuh Malaikat Zabaniyah! mbok inggih Pangeran panjenengan mejahi ing kula babar pisan kemawon". Wangsulane: "Sira padha tetep ana ing kono".

٧٧- وَنَادَوْا يَا مَالِكُ لِيَقْضِ عَلَيْنَا رَبُّكَ قَالَ إِنَّكُم مَّاكِثُونَ ۝

Wanaadau yaa maaliku liyaqdhi 'alainaa rabbuka, qaala innakum maakitsuun.

78. Pangandikane Allah: "Yekti Ingsun wus maringi ing sira kabeh, kalawan pituduh kang bener, ananging kang akeh-akeh, sira padha gething marang kabeneran!"

٧٨- لَقَدْ جِئْنَاكُم بِالْحَقِّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَكُمْ لِلْحَقِّ كَارِهُونَ ۝

Laqad ji'naakum bil haqqi walaakinna aktsarakum lilhaqqi kaarihuun.

79. Apa wong-wong iku bisa mutus ing sawijining prakara? Mangertia Ingsun iki kang luwih kuwasa gawe putusan! 901)

٧٩- أَمْ أَبْرَمُوا أَمْرًا فَإِنَّا مُبْرِمُونَ ۝

Am abramuu amran fa-innaa mubrimuun.

80. Apa wong-wong iku padha ngira, manawa Ingsun ora midhanget caturane kang lirih lan bisik-bisike digawe wadi? Ingsun mesthi Miarsa lan para UtusanIngsun Malaikat uga padha anulisi ana ing sandhinge wong iku kabeh".

٨٠- أَمْ يَحْسَبُونَ أَنَّا لَا نَسْمَعُ سِرَّهُمْ وَنَجْوَاهُم ۚ بَلَىٰ وَرُسُلُنَا لَدَيْهِمْ يَكْتُبُونَ ۝

Am yahsabuuna annaa laa nasma'u sirrahum wa najwaahum, balaa wa rusulunaa ladaihim yaktubuun.

81. Muhammad, sira dhawuha: "Manawa Allah kang Maha Murah kagungan putra,

٨١- قُلْ إِن كَانَ لِلرَّحْمَٰنِ وَلَدٌ فَأَنَا أَوَّلُ الْعَابِدِينَ ۝

Qul in-kaana lirrahmaani waladun, fa-ana awwalul 'aabidiin.

---

901) **Maksudipun makaten: titiyang kafir lan musyrik punika boten namung badhe boten purun iman, namung sampun mutusaken badhe merjaya Nabi Muhammad s.a.w. lan numpes da'wah Islam. Gusti Allah boten sare, ugi sampun paring kaputusan badhe males hukum punapa satrepipun.**

aku wong kang nyembah dhisik dhewe" 902)

82. Maha Suci Allah kang mangerani Langit lan Bumi, uga kang mangerani 'Arsy, adoh saka pangucape si kafir kabeh.

٨٢- سُبْحٰنَ رَبِّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ رَبِّ الْعَرْشِ عَمَّا يَصِفُوْنَ ۝

Subhaana rabbis samaawaati wal ardhi rabbil 'arsyi 'ammaa yashifuun.

83. Sira togna bae wong-wong kafir iku padha anjegur ing bebatalan lan padha dedolanan ana ing kaDonyan, sahingga padha katemu karo dina Qiyamat kang wus dijanjekake.

٨٣- فَذَرْهُمْ يَخُوْضُوْا وَيَلْعَبُوْا حَتّٰى يُلٰقُوْا يَوْمَهُمُ الَّذِيْ يُوْعَدُوْنَ ۝

Fadzarhum yakhuudhuu wa yal'abuu hattaa yulaaquu yaumahumul ladzii yuu'aduun.

84. PanjenengaNe Allah kang jumeneng Pangeran ana ing Langit lan jumeneng Pangeran ana ing Bumi, lan PanjenengaNe Dzat kang Maha Wicaksana tur Maha Nguningani.

٨٤- وَهُوَ الَّذِيْ فِي السَّمَآءِ اِلٰهٌ وَّفِي الْاَرْضِ اِلٰهٌ ۭ وَهُوَ الْحَكِيْمُ الْعَلِيْمُ ۝

Wa huwal ladzii fissamaa-i ilaahuw wa fil ardhi ilaahun, wa huwal hakiimul 'aliim.

85. Lan Maha Berkah Allah kang kagungan keratoning Langit lan Bumi, dalah saisen-isene kabeh, ana ngarsaNe Allah piyambak kawruh prakara dina Qiyamat, lan mung marang PanjenengaNe sira kabeh bakal padha disowanake.

٨٥- وَتَبٰرَكَ الَّذِيْ لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۚ وَعِنْدَهٗ عِلْمُ السَّاعَةِ ۚ وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ۝

Wa tabaarakal ladzii lahuu mulkus samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa wa 'indahuu 'ilmus saa'ati wa ilaihi turja'uun.

86. Kabeh sesembahan kang padha disembah dening wong-wong iku saliyane Allah ora bisa mitulungi aweh syafa'at, kajaba wong kang teka sowan ing ngarsaning Allah

٨٦- وَلَا يَمْلِكُ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِهِ الشَّفَاعَةَ اِلَّا مَنْ شَهِدَ بِالْحَقِّ وَهُمْ يَعْلَمُوْنَ ۝

Walaa yamlikul ladziina yad'uuna min duunihisy syafaa'ata illaa man syahida bil haqqi wahum ya'lamuun.

902) **Allah paring dhawuh ing Nabi Muhammad s.a.w. supados ngandharaken dhateng tiyang kafir lan musyrik, saupami Allah punika mundhut (kagungan) putra kados anggepipun titiyang wau, ing mangka punika mustahil ageng-agengan, tamtu kula (Muhammad) badhe nyembah rumiyin piyambak, sabab putraning Pangeran punika boten kirang derajatipun katimbang Pangeran.**

kanthi anetepi pangibadah kang bener, sarta wong-wong mau padha mangerti. 903)

87. Lan sanyatane manawa wong-wong mau sira takoni Muhammad: "Sapa kang anitahake wong-wong mau?" Temen dheweke bakal padha mangsuli: "Allah!" Saka ngendi jalarane teka wong-wong mau padha kablinger saka nyembah Allah?

٨٧- وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَهُمْ لَيَقُولُنَّ اللَّهُ فَأَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ۝

Wala-in sa-altahum man khalaqahum layaquulunnallaahu fa-annaa yu'fakuun.

88. Lan Muhammad munjuk atur marang Pangerane: "Dhuh Pangeran kula! saestu kaum golongan kula punika boten sami pitados!"

٨٨- وَقِيلِهِ يَا رَبِّ إِنَّ هَٰؤُلَاءِ قَوْمٌ لَّا يُؤْمِنُونَ ۝

Wa qiilihii yaa rabbi inna haa-ulaa-i qaumul laa yu'minuun.

89. Allah paring pangandika: "Sira malengosa saka wong-wong iku lan dhawuha: "Andum slamet bae!", ing besuk dheweke bakal padha weruh dhewe (nasibe anggone padha cilaka)!"

٨٩- فَاصْفَحْ عَنْهُمْ وَقُلْ سَلَامٌ ۚ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ۝

Fashfah 'anhum waqul salaamun, fasaufa ya'lamuun.

***).

---

903) Maksudipun Nabi Muhammad s.a.w. lan Nabi sanesipun saged paring pitulung syafa'at sasampunipun dipun paringi palilah idzin saking ngarsa dalem Allah SWT.

***). Menggah sawatawis wigatosing intisari sarta interkorelasi (sesambetan manunggiling ancas tujuan) ing antawisipun surat Az Zukhruf kalayan surat Ad Dukhaan, kirang langkung makaten:
1. Ing surat Ad Dukhaan (Pedhut), dipun terangaken dening Hadist Shahih Bukhori r.a. bilih tiyang-tiyang kafir Mekkah sampun sakalangkung angas anggenipun ngalang-alangi lan nganiaya tiyang-tiyang Islam lan Nabi s.a.w. Pramila Nabi s.a.w. nenuwun do'a supados Allah SWT paring pepenget siksa, kasinggihan dipun kabulaken; inggih punika dhateng paceklik ageng ing tiyang kafir Mekkah, ngantos nedha balung lan bathang. Titiyang kafir sowan Rasulullah s.a.w. supados do'a nenuwun dhateng Allah, supados kaparingan jawah. Saestu dipun sembadani, lajeng jawah lan tuwuh malih tetaneman makmur. Nanging lajeng wangsul kafir malih (murtad), pramila benjing ing Akherat badhe kasiksa ingkang ageng lan nyakiti sanget. Dene wonten surat Az Zukhruf ing akhir ayat ugi nyebataken sawatawis.
2. Manawi ing surat Az Zukhruf, Nabi Muhammad s.a.w. ingkang nenuwun ing Allah, manawi surat Ad Dukhaan, Nabi Musa a.s. ingkang nenuwun ing Allah.

AD DUKHAAN (PEDHUT)

Surat kaping 44 : 59 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat Az Zukhruf.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Haa Miim (Hamung ngarsa dalem Allah piyambak kang Nupiksa apa maksude)

١ - حٰمٓ ۝

Haa Miim.

2. Demi Kitab Quraan kang pratela, amratelakake halal lan haram!

٢ - وَالْكِتَابِ الْمُبِينِ ۝

Walkitaabil mubiin.

3. Sanyata Ingsun nurunake Al Quraan iku ana ing wayah wengi kang Ambarkahi, 904) satemene Ingsun kang paring pepeling!

٣ - إِنَّا أَنزَلْنَاهُ فِي لَيْلَةٍ مُّبَارَكَةٍ إِنَّا كُنَّا مُنذِرِينَ ۝

Innaa anzalnaahu fii lailatim mubaa-rakatin innaa mundziriin.

4. Ana ing wayah wengi iku sakabehing prakara padha kapilah-pilahake kanthi Ka-wicaksanaNe Allah.

٤ - فِيهَا يُفْرَقُ كُلُّ أَمْرٍ حَكِيمٍ ۝

Fiihaa yufraqu kullu amrin hakiim.

---

904) Inggih punika wanci dalu ing wulan Ramadlan, dalu ingkang Minulya lan kaloka ing Jagading Kamanungsan kawastanan "Lailatulqadar". Ing dalu punika Malaikat Jibril a.s. rawuh ing ngarsanipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. ingkang sapisan wonten nglebet Gua Hira ing redi (Jabal) Nur, 12 mil saking kitha Mekkah, katiti mangsa malem Senin, tanggal 17 Ramadlan, ing Tahun 41 Fiel, utawi 6 Agustus Tahun 610 Masehi. Makaten saben wulan Ramadlan, ing dalu 'Lailatulqadar wau, Malaikat Jibril a.s. rawuh lajeng tadurrus (wongsal-wangsul maos) Quraan. Pramila ummat Islam saDonya dipun prayogekaken saben dalu wulan Ramadlan sami maos (tadurrus) Quraan, lan saking wigatosipun dumugi samangke sami ngawontenaken Musabaqah Tilawatil Quraan, Nasional utawi Internasional.

٥ - أَمْرًا مِّنْ عِندِنَا ۚ إِنَّا كُنَّا مُرْسِلِينَ ۝

Amrum min 'indinaa, innaa kunnaa mursiliin.

5. Atas dhawuh kang terang saka ngarsan-Ingsun, sanyata Ingsun kang angutus ing sira Muhammad!

٦ - رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۚ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

Rahmatam mir rabbika, innahuu huwas samii'ul 'aliim.

6. Minangka dadi rahmat saka ngarsaning Pangeranira, sanyata PanjenengaNe iku Dzat kang Midhanget tur kang Maha Wikan.

٧ - رَبِّ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۖ إِن كُنتُم مُّوقِنِينَ ۝

Rabbis samaawaati wal ardhi wamaa bainahumaa in kuntum muuqiniin.

7. Kang mangerani Langit-Langit lan Bumi, sarta isen-isene kabeh, lamun sira padha yakin.

٨ - لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ يُحْيِي وَيُمِيتُ ۖ رَبُّكُمْ وَرَبُّ آبَائِكُمُ الْأَوَّلِينَ ۝

Laa ilaaha illaa huwa yuhyii wa yumiitu, rabbukum wa rabbu aabaa-ikumul awwaliin.

8. Ora ana Pangeran, kajaba mung PanjenengaNe, kang paring urip lan pati. Pangeranira lan Pangeraning Leluhurira wiwit jaman kuna mula.

٩ - بَلْ هُمْ فِي شَكٍّ يَلْعَبُونَ ۝

Bal hum fii syakkiy yal'abuun.

9. Ewa samono wong-wong kafir mau tansah padha mamang, padha ameng-amengan!

١٠ - فَارْتَقِبْ يَوْمَ تَأْتِي السَّمَاءُ بِدُخَانٍ مُّبِينٍ ۝

Fartaqib yauma ta'tis samaa-u bidukhaanim mubiin.

10. Muhammad, sira angantekna manawa ing Langit ana pedhut, yaiku dinaning ewuh aya ing pambudi kang pratela!

١١ - يَغْشَى النَّاسَ ۖ هَٰذَا عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Yaghsyan naasa haadzaa 'adzaabun aliim.

11. Kang nungkep ing para manungsa! Pangandikaning Allah: "Iki siksa kang nglarani".

١٢ - رَبَّنَا اكْشِفْ عَنَّا الْعَذَابَ إِنَّا مُؤْمِنُونَ ۝

Rabbanaksyif 'annal 'adzaaba innaa mu'minuun.

12. Para manungsa padha andedonga: "Dhuh Pangeran kita! mugi Paduka nyirnaken siksa punika saking kita, saestu kita sami iman!"

١٣ - أَنَّىٰ لَهُمُ الذِّكْرَىٰ وَقَدْ جَاءَهُمْ رَسُولٌ مُّبِينٌ ۝

13. O! adoh banget wong iku! tangeh lamun bisa tampa pepeling! harak dheweke

biyen wus padha katekanan Rasul Utusaning Allah kalawan cetha gamblang.

Annaa lahumudz dzikraa waqad jaa-a hum rasuulum mubiin.

14. Dheweke padha ngemohi Utusaning Allah, lan padha ngucap: "Rasul iku wong edan! kokehan kawruh 'ilmu!"

١٤- ثُمَّ تَوَلَّوْا عَنْهُ وَقَالُوا مُعَلَّمٌ مَّجْنُونٌ ۝

Tsumma tawallau 'anhu wa qaaluu mu'allamum majnuun.

Jalaran wong musyrik tetep ingkar, Allah nurunake siksa!

15. Satemene upama Ingsun nyirep siksa iku sadhela, ora wurung sira padha bali andluya (lacut maneh)!

١٥- إِنَّا كَاشِفُوا الْعَذَابِ قَلِيلًا إِنَّكُمْ عَآئِدُونَ ۝

Innaa kaasyiful 'adzaabi qaliilan innakum 'aa-iduun.

16. Elinga! ing dina kang Ingsun bakal tumindak, panindak kang luwih hebad, temen Ingsun paring piwales! 905)

١٦- يَوْمَ نَبْطِشُ الْبَطْشَةَ الْكُبْرَىٰ إِنَّا مُنتَقِمُونَ ۝

Yauma nabthisyul bathsyatal kubraa, innaa muntaqimuun.

Sejarah Fir'aun lan Musa a.s. dadi piwulang penting tumrap si kafir!

17. Lan temen Ingsun wus nyoba sadurunge wong-wong kafir Mekkah, kaume Fir'aun, lan wus karawuhan Rasul kang mulya, yaiku Musa.

١٧- وَلَقَدْ فَتَنَّا قَبْلَهُمْ قَوْمَ فِرْعَوْنَ وَجَاءَهُمْ رَسُولٌ كَرِيمٌ ۝

Walaqad fatannaa qablahum fir'auna wa jaa-ahum rasuulun kariim.

18. Pangandikane Rasul iku marang Fir'aun: "Para kawulaning Allah, Bani Israil, mugi kapasrahna dhumateng kula. Saestuni-

١٨- أَنْ أَدُّوا إِلَيَّ عِبَادَ اللَّهِ إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ۝

An adduu ilayya 'ibaadallaah, innii lakum rasuulun amiin.

905) Allah namakaken ancaman awrat utawi azab (siksa) punika saweneh Ahli Tafsir nerangaken azab (siksa) benjing dinten Qiyamat, utawi kasengser ing yuda, ing palagan perang Badar, tiyang kafir (musyrik) kawon perang lan karisakan ageng-agengan!

pun kula punika Utusan ingkang pinitados dhateng sampeyan sadaya. 906)

19. Sampeyan sadaya sampun kumaluhur nerak pranataning Allah, saestunipun kula dhateng ing sampeyan sadaya punika kanthi ambekta tandha yekti ingkang cetha.

١٩- وَأَن لَّا تَعْلُوا عَلَى اللَّهِ ۖ إِنِّي آتِيكُم بِسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ۝

Wa allaa ta'luu 'alallaahi innii aatiikum bisulthaanim mubiin.

20. Lan kula saestunipun ngungsi ing Pangeran kula lan Pangeran sampeyan, sampun ngantos sampeyan sadaya ambalangi ngerajam dhateng kula!

٢٠- وَإِنِّي عُذْتُ بِرَبِّي وَرَبِّكُمْ أَن تَرْجُمُونِ ۝

Wa innii 'udz-tu birabbii wa rabbikum an tarjumuun.

21. Manawi sampeyan boten pitados dhateng kula, cekap lajeng nebihna ing kula!' 907)

٢١- وَإِن لَّمْ تُؤْمِنُوا لِي فَاعْتَزِلُونِ ۝

Wa illam tu'minuu lii fa'taziluun.

22. Nuli Nabi Musa dedo'a marang Pangerane: "Saestunipun tetiyang punika sami duraka!".

٢٢- فَدَعَا رَبَّهُ أَنَّ هَٰؤُلَاءِ قَوْمٌ مُّجْرِمُونَ ۝

Fada'aa rabbahuu anna haa-ulaa-i qaumum mujrimuun.

23. Dhawuhing Allah: "Sira Musa! budhala kalawan kawulanIngsun Bani Israil ana ing wayah bengi, mengko sira bakal padha dilacak dening Fir'aun sawadyane.

٢٣- فَأَسْرِ بِعِبَادِي لَيْلًا إِنَّكُم مُّتَّبَعُونَ ۝

Fa-asri bi'ibaadii lailan innakum muttaba'uun.

24. Lan sira nyabranga Segara kang wus piyak gasik kaya dene dalan, satemene Fir'

٢٤- وَاتْرُكِ الْبَحْرَ رَهْوًا ۖ إِنَّهُمْ جُندٌ مُّغْرَقُونَ ۝

---

906) Bani Israil inggih bangsa Yahudi jaman samanten dados kawula jajahanipun Raja Fir'aun - Mesir, dening pimpinanipun Nabi Musa a.s. ingkang adhedhasar taqwa ing Allah lan amal kasaenan, saged uwal saking kadhalimanipun Fir'aun, lan mbangun masyarakat lan Nagari enggal ing Yerusalem (Palestina). Nanging bangsa Yahudi wau, sami ngewahi kitab suci Taurat, sami lacut merjaya ing para Andika Nabi, damel sesembahan brahala Pedhet emas, ing wusana gesangipun kalunta-lunta, wonten ing pundi-pundi papan kathah mengsahipun. Nembe sasampunipun Perang Donya II, dening sponsoripun Inggris, Amerika Serikat, Rusia, lan Jerman dipun peksakaken wangsul ing Tel Aviv, Jaffa - Palestina. Lan sasampunipun peperangan 30 tahun kaliyan Mesir, lan Negari-Negari Arab, tahun 1979 punika milai dhame. Kadospundi lajengipun nasib "tanah wutah rahipun" tiyang Bani Israil (Yahudi) ingkang tansah rerebatan mengsah bangsa-bangsa Arab wau? Wallaahu a'lam! (Maosa buku "International Politics", Prof. Frederick L. Schuman, kaca 238 - 1953).

907) Maksudipun Nabi Musa a.s. manawi Raja Fir'aun boten purun iman, nyumanggakaken, nanging supados ngendelaken kemawon dhateng Nabi Musa anggenipun mimpin ummat Bani Israil.

aun lan wadya balane iku barisan kang kinelem ing Segara!".

Watrukil bahra rahwan, innahum jundum mughraquun.

25. Akeh pakebonan lan sesumberan tetinggalane Fir'aun lan para Nara praja kang padha ditinggal.

٢٥- كَمْ تَرَكُوا مِنْ جَنّٰتٍ وَّعُيُوْنٍ ۙ

Kam tarakuu min jannaatiw wa 'uyuun.

26. Lan padha ninggal prung darbeke tinggalan gaga, lan panggonan kang endah-endah.

٢٦- وَّزُرُوْعٍ وَّمَقَامٍ كَرِيْمٍ ۙ

Wa zuruu'iw wa maqaamin kariim.

27. Lan patirahan kang kanggo andrawina among suka ana ing kono.

٢٧- وَّنَعْمَةٍ كَانُوْا فِيْهَا فٰكِهِيْنَ ۙ

Wa na'matin kaanuu fiihaa faakihiin.

28. Tetinggalane Raja Fir'aun kang mangkono iku wusanane banjur Ingsun warisake marang wong liyane. 908)

٢٨- كَذٰلِكَ ۖ وَاَوْرَثْنٰهَا قَوْمًا اٰخَرِيْنَ ۝

Kadzaalika, wa auratsnaa qauman aakhariin.

29. Rusak sirnane Fir'aun lan wadya balane iku ora ana kang bela sungkawa saka wong salumahing Bumi lan sakurebing Langit, lan dheweke iku ora padha disarantekake.

٢٩- فَمَا بَكَتْ عَلَيْهِمُ السَّمَآءُ وَالْاَرْضُ وَمَا كَانُوْا مُنْظَرِيْنَ ۝

Famaa bakat 'alaihimus samaa-u wal ardhu wamaa kaanuu munzhariin.

30. Lan temen yekti Ingsun wus nylametake wong-wong Bani Israil saka siksa kang ina.

٣٠- وَلَقَدْ نَجَّيْنَا بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ مِنَ الْعَذَابِ الْمُهِيْنِ ۝

Walaqad najjainaa banii israa-iila minal 'adzaabil muhiin.

31. Yaiku saka siksane Fir'aun, satemene dheweke wong kang kumaluhur, ewone wong kang padha ngliwati wates.

٣١- مِنْ فِرْعَوْنَ ۗ اِنَّهٗ كَانَ عَالِيًا مِّنَ الْمُسْرِفِيْنَ ۝

Min fir'auna innahuu kaana 'aaliyam minal musrifiin.

32. Lan temen Ingsun wus milih marang wong Bani Israil, miturut UninganIngsun: ngungkuli wong sa'alam kabeh.

٣٢- وَلَقَدِ اخْتَرْنٰهُمْ عَلٰى عِلْمٍ عَلَى الْعٰلَمِيْنَ ۝

Walaqadikh tarnaahum 'alaa 'ilmin 'alal 'aalamiin.

908) Inggih punika dipun waris Bani Israil.

33 Lan Ingsun wus paring ayat tandha yekti ing wong-wong iku, ing kono minangka dadi coba kang pratela. 909)

٣٣- وَاٰتَيْنٰهُمْ مِّنَ الْاٰيٰتِ مَا فِيْهِ بَلٰٓؤٌا مُّبِيْنٌ ۝

Wa aatainaahum minal aayaati maa fiihi balaa-um mubiin.

34. Wong-wong musyrik mau banjur padha ngucap:

٣٤- اِنَّ هٰٓؤُلَآءِ لَيَقُوْلُوْنَ ۝

Inna haa-ulaa-i layaquuluun.

35. "Satemene ora ana apa-apa, kajaba pati iku mung sapisan, lan aku ora bakal ditangekake saka kubur".

٣٥- اِنْ هِيَ اِلَّا مَوْتَتُنَا الْاُوْلٰى وَمَا نَحْنُ بِمُنْشَرِيْنَ ۝

In hiya illaa mautatunal uulaa wamaa nahnu bimunsyariin.

36. Coba, aturana tindak mrene para Leluhurku, kang wus padha mati, manawa sira iku wong-wong kang padha temen".

٣٦- فَاْتُوْا بِاٰبَآئِنَآ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ۝

Fa'tuu bi-aabaa-inaa in kuntum shaadiqiin.

37. Pangandikaning Allah : "Endi kang luwih becik! wong Bani Israil apa wong kaum Tubba',910) golongan Raja-raja; lan apa wong-wong sadurunge dheweke kang wus Ingsun rusak, amarga dheweke padha duraka.

٣٧- اَهُمْ خَيْرٌ اَمْ قَوْمُ تُبَّعٍ ۙ وَّالَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۛ اَهْلَكْنٰهُمْ ۖ اِنَّهُمْ كَانُوْا مُجْرِمِيْنَ ۝

Ahum khairun am qaumu tubba'iw walladziina min qablihim, ahlaknaahum innahum kaanuu mujrimiin.

38. Lan Ingsun ora anitahake Langit sarta Bumi, dalah saisen-isene, kabeh iku mung ameng-amengan (dedolanan utawa lelahanan) bae !

٣٨- وَمَا خَلَقْنَا السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا لٰعِبِيْنَ ۝

Wamaa khalaqnas samaawaati wal ardha wamaa bainahumaa laa'ibiin.

39. Ingsun ora anitahake Langit lan Bumi iku kajaba kalawan bener, ananging akehakehe wong iku ora padha mangerti.

٣٩- مَا خَلَقْنٰهُمَآ اِلَّا بِالْحَقِّ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Maa khalaqnaahumaa illaa bil haqqi walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

---

909) Pancen makaten cobining Pangeran dhateng tiyang Bani Israil boten entheng: kadosta ngumbara 40 tahun, anak-anakipun jaler sami dipun pejahi Raja Fir'aun, lan titiyangipun jaler sami dipun dadosaken batur tukon, ingkang estri-estri dipun angge lampah zina, sarta dipun uber-uber sadaya badhe katumpes pejah. Ewa samanten saged wilujeng sadaya sarana pitedah lan pitulungipun Allah, lumantar pimpinanipun Nabi Musa a.s. lan Nabi Harun a.s.

910) Inggih punika bangsa Himyari, dinasti Raja-raja Yaman jaman kina. Sabab sami duraka dipun sirnakaken sarana siksa; punapa malih nyirnakaken tiyang kafir-musyrik: punika gampil.

40. Sanyata dina kaputusaning prakara iku ditamtokake waktune kanggo wong-wong iku kabeh bae!

٤٠- إِنَّ يَوْمَ الْفَصْلِ مِيقَاتُهُمْ أَجْمَعِينَ ۝

Inna yaumal fashli miiqaatuhum ajma'iin.

41. Ing dina iku ora ana wong bisa nyukupi marang kekasihe sithik-sithika, lan ora padha ditulungi.

٤١- يَوْمَ لَا يُغْنِي مَوْلًى عَن مَّوْلًى شَيْئًا وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ۝

Yauma laa yughnii maulan 'am maulan syai-aw walaa hum yunsharuun.

42. Kajaba wong kang kaparingan Sih palimirmaning Allah, sanyata PanjenengaNe iku Dzat kang Maha Mulya tur Maha Asih.

٤٢- إِلَّا مَن رَّحِمَ اللَّهُ إِنَّهُ هُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ۝

Illaa mar rahimallaah, innahuu huwal 'aziizur rahiim.

43. Satemene anane kekayon kang arane Zaqum,

٤٣- إِنَّ شَجَرَتَ الزَّقُّومِ ۝

Inna syajarataz zaqquum.

44. Yaiku dadi pakane wong kafir (dosa),

٤٤- طَعَامُ الْأَثِيمِ ۝

Tha'aamul atsiim.

45. Kaya panase jer-jeran wesi umob ana sajerone wetenge,

٤٥- كَالْمُهْلِ يَغْلِي فِي الْبُطُونِ ۝

Kalmuhli yaghlii fil buthuun.

46. Kaya umobing wedang panas kang makantar-kantar.

٤٦- كَغَلْيِ الْحَمِيمِ ۝

Kaghalyil hamiim.

47. Pangandikaning Allah marang Malaikat Zabaniyah: "Cekelen wong kang dosa iku banjur glandhangen marang tengahing Neraka Jahim",

٤٧- خُذُوهُ فَاعْتِلُوهُ إِلَىٰ سَوَاءِ الْجَحِيمِ ۝

Khudzuuhu fa'tiluuhu ilaa sawaa-il jahiim.

48. Tumuli grujugen endhase nganggo wedang panas, minangka siksane".

٤٨- ثُمَّ صُبُّوا فَوْقَ رَأْسِهِ مِنْ عَذَابِ الْحَمِيمِ ۝

Tsumma shubbuu fauqa ra'sihii min 'adzaabil hamiim.

49. Didhawuhake[911] marang wong-wong iku: "Lah rasakna! satemene sira iku biyen wong kang ambeg agung tur kumaluhur!"

٤٩- ذُقْ إِنَّكَ أَنْتَ الْعَزِيزُ الْكَرِيمُ ۝

Dzuq innaka antal 'aziizul kariim.

50. Satemene hiya iki siksa kang sira mamangake biyen.

٥٠- إِنَّ هٰذَا مَا كُنْتُمْ بِهِ تَمْتَرُونَ ۝

Inna haadzaa maa kuntum bihii tamtaruun.

51. Sanyata wong kang padha taqwa (bekti) ing Allah iku padha oleh panggonan kang sengsem santosa.

٥١- إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي مَقَامٍ أَمِينٍ ۝

Innal muttaqiina fii maqaamin amiin.

52. Yaiku ana ing Suwarga lan akeh sumbere padha ngetuk!

٥٢- فِي جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ۝

Fii jannaatiw wa 'uyuun.

53. Padha nganggo sandhangan saka sutra, kandel lan tipis, lan padha lelungguhan rembugan adhep-adhepan.

٥٣- يَلْبَسُونَ مِنْ سُنْدُسٍ وَإِسْتَبْرَقٍ مُتَقَابِلِينَ ۝

Yalbasuuna min sundusiw wa istabraqim mutaqaabiliin.

54. Kaya mangkono panggonane wong-wong kang padha iman iku ana ing Suwarga, lan dheweke Ingsun paringi bojo Widadari kang blalak-blalak mripate.

٥٤- كَذٰلِكَ وَزَوَّجْنٰهُمْ بِحُورٍ عِينٍ ۝

Kadzaalika, wa zawwajnaahum bihuurin 'iin.

55. Ana ing kono padha diparengake nyuwun sarupaning woh-wohan, kanthi kahanan ayem tentrem jenjem.

٥٥- يَدْعُونَ فِيهَا بِكُلِّ فَاكِهَةٍ آمِنِينَ ۝

Yad'uuna fiihaa bikulli faakihatin aaminiin.

56. Ana ing Suwarga wong-wong iku ora padha ngrasakake pati, saliyane pati kang sapisan ana ing Donya, lan dheweke padha direksa saka siksaning Neraka Jahim kang anggosongake sarira!

٥٦- لَا يَذُوقُونَ فِيهَا الْمَوْتَ إِلَّا الْمَوْتَةَ الْأُولٰى وَوَقٰهُمْ عَذَابَ الْجَحِيمِ ۝

Laa yadzuuquuna fiihal mauta illal mautatal uulaa, wa waqaahum 'adzaabal jahiim.

911) Dening Allah utawi Malaikat Zabaniyah (ingkang tinanggenah jagi Neraka).

57. Minangka kanugrahan saka ngarsaning Pangeranira, kang mangkono iku kabegjan kang agung temenan.

٥٧- فَضْلًا مِّنْ رَّبِّكَ ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ٥

Fadhlam mir rabbika, dzaalika huwal fauzul 'azhiim.

58. Sanyata Ingsun wus anggampangake Quraan iku sarana pakecapanira Muhammad, supaya wong-wong iku padha gelem ngalap pitutur ing Quraan.

٥٨- فَاِنَّمَا يَسَّرْنٰهُ بِلِسَانِكَ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُوْنَ ٥

Fa-innamaa yassarnaahu bilisaanika la'allahum yatadzakkaruun.

59. Muhammad, sira ngantekna siksane wong kafir kabeh, dheweke uga ngantekake ing sira.[912]

٥٩ فَارْتَقِبْ اِنَّهُمْ مُّرْتَقِبُوْنَ ٥

Fartaqib innahum murtaqibuun.

***)

912) Artosipun makaten. He Muhammad! jalaran Allah iku Maha Kuwasa tur Wicaksana, mula sira disabar, tunggunen tekaning dina kamenangan lan kabegjanira. Sajatine dheweke (kafir-musyrik) iku uga padha nunggu ngenteni dina tekane kekalahan lan karusakan, sabab dening pokale dosa lan duraka sing padha ditindakake.

***) Wondene sawatawis intisari sarta interkorelasi (sesambetan manunggaling ancas tujuan) ing antawisipun surat Ad Dukhaan kalayan surat Al Jaatsiyah ing antawisipun makaten: Kakalihipun surat kasebat sami-sami anerangaken bukti-bukti Kuwaosipun Allah anggenipun anitahaken sadaya titah, sarta ancaman khusus tumuju ing titiyang kafir reaksioner dhateng Agami Islam, sami kemawon ing jaman Nabi s.a.w. utawi ing jaman modern sapunika. Asas dhasar reaksioner pun kafir punika ing pundi-pundi papan lan jaman sami kemawon: inggih punika, maido ing Allah SWT., boten nglampahi 'Ibadah lan amal shaleh, sarta maiben badhe wontenipun dinten Qiyamat! Pramila gesang ing 'alam Donya kedah ngatos-atos, sampun ngantos kabujuk dening syetan ingkang karanjam dening Allah.

AL JAATSIYAH (KANG JENGKENG)

Surat kaping 45 : 37 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 14 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Ad Dukhaan.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Haa Miim (Ngamungna Allah piyambak kang Udani apa maksude).

١ - حٰمٓ ۝

Haa Miim.

2. Tumuruning Kitab Al Quraan iku terang saka ngarsane Allah kang Maha Wicaksana.

٢ - تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللّٰهِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ۝

Tanziilul kitaabi minallaahil 'aziizil hakiim.

3. Sanyata ana ing tumitahe Langit lan Bumi iku dadi tandha yekti tumrap wong kang padha iman.

٣ - اِنَّ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ لَاٰيٰتٍ لِّلْمُؤْمِنِيْنَ ۝

Inna fis samaawaati wal ardhi la-aayaati lil mu'miniin.

4. Lan ana ing tumitahira, sarta sarupaning gegremet kang gumelar ing lumahing Bumi iku uga dadi tandha yekti katerangan tumrap wong kang padha yakin temenan.

٤ - وَفِىْ خَلْقِكُمْ وَمَا يَبُثُّ مِنْ دَآبَّةٍ اٰيٰتٌ لِّقَوْمٍ يُّوْقِنُوْنَ ۝

Wa fii khalqikum wamaa yabutstsu min daabbatin aayaatul liqaumiy yuuqinuun.

5. Lan gilir gumantining wayah bengi, kalawan rahina, samono uga udan kang diturunake dening Allah saka ing Langit minangka rezeki, banjur kanggo nguripi Bumi kang sawuse mati, lan maneh lakuning

٥ - وَاخْتِلَافِ الَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَمَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ مِنَ السَّمَآءِ مِنْ رِّزْقٍ فَاَحْيَا بِهِ الْاَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا وَتَصْرِيْفِ الرِّيٰحِ اٰيٰتٌ لِّقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ۝

angin kang ambolak-balik, kabeh mau dadi tandha yekti tumrap wong kang padha kasinungan 'akal pikiran.

Wakhtilaafil laili wannahaari wamaa anzalallaahu minas samaa-i mir rizqin fa-ahyaa bihil ardha ba'da mautihaa wa tashriifir riyaahi aayaatul liqaumiy ya'qiluun.

6. Mangkono iku tandha yekti Kuwasaning Allah. Ingsun wacakake marang sira Muhammad, kalawan sabenere! Mara nalaren, endi ana carita kang luwih becik tur pinercaya, sawuse pangandikaNe Allah lan Ayat-Ayate.

٦ - تِلْكَ اٰيٰتُ اللّٰهِ نَتْلُوْهَا عَلَيْكَ بِالْحَقِّ ۚ فَبِاَيِّ حَدِيْثٍ بَعْدَ اللّٰهِ وَاٰيٰتِهٖ يُؤْمِنُوْنَ ۝

Tilka aayaatullaahi natluuhaa 'alaika bil-haqqi, fabi-ayyi hadiitsin ba'dallaahi wa aayaatihii yu'minuun.

7. Cilaka sakabehe wong kang tumindak goroh tur duraka!

٧ - وَيْلٌ لِّكُلِّ اَفَّاكٍ اَثِيْمٍ ۝

Wailul likulli affaakin atsiim.

8. Wong mau krungu Ayat-Ayate Allah kang lagi diwacakake marang dheweke, ananging wong mau tetep kafir gumedhe, kaya dene wong kang ora tau krungu Ayating Allah. Muhammad! dheweke padha bebungahen kalawan siksa kang nglarani.

٨ - يَّسْمَعُ اٰيٰتِ اللّٰهِ تُتْلٰى عَلَيْهِ ثُمَّ يُصِرُّ مُسْتَكْبِرًا كَاَنْ لَّمْ يَسْمَعْهَا ۚ فَبَشِّرْهُ بِعَذَابٍ اَلِيْمٍ ۝

Yasma'u aayaatillaahi tutlaa 'alaihi tsumma yushirru mustakbiran ka-allam yasma'haa, fabasysyirhu bi'adzaabin aliim.

9. Lan manawa dheweke mangerti marang AyatIngsun sathithik bae, banjur Ayat mau dianggo geguyon (nginakake), wong-wong mau bakal kapatrapan siksa kang ina!

٩ - وَاِذَا عَلِمَ مِنْ اٰيٰتِنَا شَيْـًٔا اتَّخَذَهَا هُزُوًا ۚ اُولٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ۝

Wa-idzaa 'alima min aayaatinaa syai-a (n)ittakhadzahaa huzuwaa, ulaa-ika lahum 'adzaabum muhiin.

10. Ing saburine wong-wong iku wus dicawisake Neraka Jahanam, dene tumindake kang wus dilakoni ora bisa nyukupi awake sathithik-thithika, lan maneh kekasihe saliyane Allah uga ora bisa nylametake apa-apa, sarta tetep bakal kapatrapan siksa kang gedhe tur nglarani banget.

١٠ - مِنْ وَّرَآئِهِمْ جَهَنَّمُ ۚ وَلَا يُغْنِيْ عَنْهُمْ مَّا كَسَبُوْا شَيْـًٔا وَّلَا مَا اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ اَوْلِيَآءَ ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ۝

Miw waraa-ihim jahannamu, walaa yughnii 'anhum maa kasabuu syai-aw walaa mattakhadzuu min duunillaahi auliyaa', walahum 'adzaabun 'azhiim.

11. Al Quraan iku PituduHe (PimpinaNe) Allah. Wong-wong kang padha kafir ing Ayat-Ayate Allah bakal diwales siksa kang banget nglarani.

١١ - هٰذَا هُدًى ۚ وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِ رَبِّهِمْ لَهُمْ عَذَابٌ مِّنْ رِّجْزٍ اَلِيْمٌ ۝ ع ١٢

Haadzaa hudaa, walladziina kafaruu bi-aayaati rabbihim lahum 'adzaabum mir rijzin aliim.

Ala lan becik tumindake manungsa, bali marang tanggungjawabe dhewe!

12. Mung Allah pribadi kang ngereh Segara kang kena sira anggo lelayaran, manfa'ate kapal padha lelayaran ing Segara kalayan dhawuh resmi saka PanjenengaNe Allah, lan supaya sira bisa ngupaya kanugrahaning Allah, muga-muga sira padha ngaturake panuwun syukur ing Pangeran!

١٢ - اَللّٰهُ الَّذِيْ سَخَّرَ لَكُمُ الْبَحْرَ لِتَجْرِيَ الْفُلْكُ فِيْهِ بِاَمْرِهٖ وَلِتَبْتَغُوْا مِنْ فَضْلِهٖ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝

Allaahulladzii sakhkhara lakumul bahra litajriyal fulku fiihi bi-amrihii wa litabtaghuu min fadhlihii wa la'allakum tasykuruun.

13. Uga kanggo sira kabeh anggone Allah wus ngerehake isen-isening Langit lan Bumi, sanyata kang mangkono iku dadi tandha yekti tumrap wong kang gelem mikir-mikir Kuwasaning Allah.

١٣ - وَسَخَّرَ لَكُمْ مَّا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ جَمِيْعًا مِّنْهُ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ ۝

Wa sakhkhara lakum maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi jamii'am minhu, inna fii dzaalika la-aayaatil liqaumiy yatafakkaruun.

14. Muhammad! sira dhawuha marang wong-wong kang padha iman supaya padha aweh pangapura marang wong-wong kang ora ngarep-arep dina piwalesing Allah. Sayekti Allah bakal males marang wong-wong iku sakabehe,[913] sabab dene laku kang wus padha ditindakake!

١٤ - قُلْ لِّلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا يَغْفِرُوْا لِلَّذِيْنَ لَا يَرْجُوْنَ اَيَّامَ اللّٰهِ لِيَجْزِيَ قَوْمًا ۢ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ۝

Qul lilladziina aamanuu yaghfiruu lilladziina laa yarjuuna ayyaamallaahi liyajziya qaumam bimaa kaanuu yaksibuun.

15. Sing sapa nindakake amal shaleh, mangka iku migunani marang awake dhewe, lan sing sapa tumindak laku ala, uga bakal

١٥ - مَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ اَسَاۤءَ فَعَلَيْهَا ۗ ثُمَّ اِلٰى رَبِّكُمْ تُرْجَعُوْنَ ۝

913) Allah dhawuh dhumateng Nabi Muhammad s.a.w. supados dhawuh wau dipun tindakaken tiyang Islam; inggih punika purun maafaken tiyang ingkang boten purun iman ing dinten Qiyamat, sabab Allah piyambak tamtu badhe males ukum nyiksa benjing ing dinten Qiyamat punapa tumindakipun tiyang wau wonten ing 'alam Donya.

mlarati marang awake dhewe, sira banjur bakal disowanake marang ngarsaNe Pangeranira.

Man 'amila shaalihan falinafsihii waman asaa-a fa'alaihaa tsumma ilaa rabbikum turja'uun.

16. Lan temen Ingsun wus paring Kitab Taurat marang Bani Israil, lan panguwasa sarta Kanaiban, lan Ingsun wus maringi rezeki kang becik, lan maneh Ingsun wus ngutamakake ngungkuli wong sa'Alam Jagad rat!

١٦- وَلَقَدْ آتَيْنَا بَنِي إِسْرَائِيلَ الْكِتَابَ وَالْحُكْمَ وَالنُّبُوَّةَ وَرَزَقْنَاهُمْ مِنَ الطَّيِّبَاتِ وَفَضَّلْنَاهُمْ عَلَى الْعَالَمِينَ ۝

Walaqad aatainaa banii israa-iilal kitaaba wal hukma wannubuwwata wa razaqnaahum minath thayyibaati wa fadhdhalnaahum 'alal 'aalamiin.

17. Dheweke uga wus Ingsun paringi tandha yekti kang pratela ing bab urusan Agama [914] Wong-wong iku ora padha pasulayan, kajaba sawuse katekanan kawruh, saperlu arep padha nganiaya ana ing antarane wong-wong iku kabeh. Sanyata Pangeranira kang bakal mutusi prakara ing antarane wong-wong iku kabeh besuk dina Qiyamat, ing prakara kang padha dipasulayakake.

١٧- وَآتَيْنَاهُمْ بَيِّنَاتٍ مِنَ الْأَمْرِ فَمَا اخْتَلَفُوا إِلَّا مِنْ بَعْدِ مَا جَاءَهُمُ الْعِلْمُ بَغْيًا بَيْنَهُمْ إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِي بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ فِيمَا كَانُوا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۝

Wa aatainaahum bayyinaatim minal amri famakhtalafuu illaa mim ba'di maa jaa-ahumul 'ilmu baghyam bainahum, inna rabbaka yafdhii bainahum yaumal qiyaamati fiimaa kaanuu fiihi yakhtalifuun.

18. Ingsun nuli anamtokake ing sira Muhammad nindakna syari'at Agama, mangka sira ndhereka syari'at Agama iku, lan aja nuruti hawa nafsune wong kang ora padha mangerti.

١٨- ثُمَّ جَعَلْنَاكَ عَلَى شَرِيعَةٍ مِنَ الْأَمْرِ فَاتَّبِعْهَا وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَاءَ الَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Tsumma ja'alnaaka 'alaa syarii'atim minal amri fattabi'haa walaa tattabi' ahwaa-al ladziina laa ya'lamuun..

19. Sanyata wong-wong iku ora bisa nulak ing sira saka siksaNe Allah sathithik-thithika, lan satemene wong-wong kang nganiaya iku padha sih sinihan saweneh marang sawenehe, dene Allah iku dadi Kekasihe wong kang padha taqwa ing Allah.

١٩- إِنَّهُمْ لَنْ يُغْنُوا عَنْكَ مِنَ اللَّهِ شَيْئًا وَإِنَّ الظَّالِمِينَ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَاءُ بَعْضٍ وَاللَّهُ وَلِيُّ الْمُتَّقِينَ ۝

Innahum lay yughnuu 'anka minallaahi syai-aa, wa inna lizhzhaalimiina ba'dhuhum auliyaa-u ba'dhin, wallaahu waliyyul muttaqiin.

914) Inggih punika bab rawuhipun Nabi Muhammad lan syare'atipun, wonten ing Kitab-kitabipun para Ahli Kitab, kasebataken sifat-sifatipun Nabi Muhammad, punika: cocok, nanging piyambakipun malah sami regejegan, sabab sabageyan sami kuwatos kecalan kawibawan. Allah SWT piyambak ingkang badhe paring kaputusan benjing ing dinten Qiyamat.

20. Al Quraan iki sawijining Panuntun (Undang-undang) tumrap manungsa saJagad Raya, Pituduh lan Rahmat tumrap wong kang padha yakin.

٢٠- هٰذَا بَصَآئِرُ لِلنَّاسِ وَهُدًى وَّرَحْمَةٌ لِّقَوْمٍ يُّوْقِنُوْنَ ○

Haadzaa bashaa-iru linnaasi wa hudaw wa rahmatul liqaumiy yuuqinuun.

21. Apata wong-wong kang padha tumindak ala iku duwe pangira yen dheweke Ingsun anggep kaya dene wong kang padha tumindak becik, ing sajeroning uripe utawa sawuse matine? Ala temen wong-wong mau anggone padha ngukumi.[915]

٢١- اَمْ حَسِبَ الَّذِيْنَ اجْتَرَحُوا السَّيِّاٰتِ اَنْ نَّجْعَلَهُمْ كَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ ۙ سَوَآءً مَّحْيَاهُمْ وَمَمَاتُهُمْ ۭ سَآءَ مَا يَحْكُمُوْنَ ○ ع

Am hasibal ladziinaj tarahus sayyi-aati an taj'alahum kalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati sawaa-am mahyaahum wa mamaatuhum, saa-a maa yahkumuun.

Ora ana kang bisa nenuntun marang wong kang ngumawula hawa nafsune.

22. Lan Allah anitahake Langit sarta Bumi iku kalawan sabenere (kaadilan), lan supaya diparingi piwales kabeh awak tumindak apa kang wus padha dilakoni, lan ora padha dikaniaya.

٢٢- وَخَلَقَ اللّٰهُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ بِالْحَقِّ وَلِتُجْزٰى كُلُّ نَفْسٍۢ بِمَا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ○

Wa khalaqal laahus samaawaati wal ardha bil-haqqi wa litujzaa kullu nafsim bimaa kasabat wahum laa yuzhlamuun.

23. Mula Muhammad apa sira wus tau sumurup wong kang mangeran ing hawa nafsune, lan dheweke disasarake dening Allah, ing mangka dheweke iku sajatine mangerti sasare mau. Lan Panjenengane wus ngunci pengrungu lan atine, lan ndadekake tutup ana ing paningale. Sapa ta kang bisa nuduhake dheweke yen dudu Allah? Lha apa sira ora manut pitutur?

٢٣- اَفَرَءَيْتَ مَنِ اتَّخَذَ اِلٰهَهٗ هَوٰىهُ وَاَضَلَّهُ اللّٰهُ عَلٰى عِلْمٍ وَّخَتَمَ عَلٰى سَمْعِهٖ وَقَلْبِهٖ وَجَعَلَ عَلٰى بَصَرِهٖ غِشٰوَةً ۭ فَمَنْ يَّهْدِيْهِ مِنْۢ بَعْدِ اللّٰهِ ۭ اَفَلَا تَذَكَّرُوْنَ ○

Afara-aita manit takhadza ilaahahuu hawaahu wa adhallahul-laahu 'alaa 'ilmiw wa khatama 'alaa sam'ihii wa qalbihii wa ja'ala 'alaa basharihii ghisyaawah, famay yahdiihi mim ba'dillaahi, afalaa tadzakkaruun.

915) **Tiyang kafir sami gadhah panginten manawi piyambakipun punika badhe sami kaliyan tiyang Mu'minin ing Donya lan benjing ing Akherat. Tangeh lamun, lan awon sanget panginten ingkang makaten wau.**

٢٤- وَقَالُوا مَا هِيَ إِلَّا حَيَاتُنَا الدُّنْيَا نَمُوتُ وَنَحْيَا وَمَا يُهْلِكُنَا إِلَّا الدَّهْرُ وَمَا لَهُمْ بِذَٰلِكَ مِنْ عِلْمٍ إِنْ هُمْ إِلَّا يَظُنُّونَ ۝

Wa qaaluu maa hiya illaa hayaatunad dunyaa namuutu wa nahyaa wamaa yuhlikunaa illad dahru, wamaa lahum bidzaalika min 'ilmin, in hum illaa yazhunnuun.

24. Wong-wong mau padha ngucap: "Ora ana urip, kajaba uripku sepisan iki ana ing Donya, kita mati lan kita urip iku wus dadi kalumrahaning wong tumitah ing ngalam padhang, lan ora ana kang ngrusak kita, kajaba gonta-gantining jaman". Pangandikaning Allah: "Lan wong-wong mau ora duwe pangertian ing prakara iku, ora liya wong-wong iku kajaba mung ngira-ira bae".

٢٥- وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ مَا كَانَ حُجَّتَهُمْ إِلَّا أَنْ قَالُوا ائْتُوا بِآبَائِنَا إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ۝

Wa idzaa tutlaa aayaatunaa bayyinaatim maa kaana hujjatahum illaa an qaalu'tuu bi-aabaa-inaa in kuntum shaadiqiin.

25. Dene manawa diwacakake Ayat-Ayat-Ingsun kang cetha, ora ana liya padune kajaba mung bisa ngucap: "Sira padha nekakna para Leluhurku kang wus padha mati, supaya padha mrene, manawa sira iku wong kang padha temen".

٢٦- قُلِ اللَّهُ يُحْيِيكُمْ ثُمَّ يُمِيتُكُمْ ثُمَّ يَجْمَعُكُمْ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ۝ ع ١٩

Qulillaahu yuhyiikum tsumma yumiitukum tsumma yajma'ukum ilaa yaumil qiyaamati laa raiba fiihi walaakinna aktsaran naasi laa ya'lamuun.

26. Muhammad! sira dhawuha: "Hamung Allah piyambak kang paring urip lan pati marang sira kabeh, PanjenengaNe nuli ngumpulake sira kabeh, besuk ing dina Qiyamat kang wus ora mamang maneh, ewa dene isih akeh wong kang ora padha mangerti".

Ana ing dinaning ummat manungsa dihisab, dheweke padha lungguh jengkeng karo maca buku cathetan amale duk nalika urip ana ing Donya!

٢٧- وَلِلَّهِ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَيَوْمَ تَقُومُ السَّاعَةُ يَوْمَئِذٍ يَخْسَرُ الْمُبْطِلُونَ ۝

Wa lillaahi mulkus samaawaati wal ardh, wa yauma yaquumus saa'atu yaumaidziy yakhsaru mubthiluun.

27. Lan mung kagunganing Allah piyambak Kraton Langit lan Bumi, ing besuk dina ngadege Qiyamat iku wong-wong ahli laku batal padha kapitunan.

٢٨- وَتَرَىٰ كُلَّ أُمَّةٍ جَاثِيَةً كُلُّ أُمَّةٍ تُدْعَىٰ إِلَىٰ كِتَابِهَا الْيَوْمَ تُجْزَوْنَ مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ۝

28. Lan sira bakal andeleng sakabehe ummat padha lungguh jengkeng, sakabehing ummat bakal padha diundang supaya maca

buku cathetan 'amale ing Donya. PangandikaNe Allah: "Dina iki sira kabeh bakal padha diwales apa kang sira tindakake".

Wa taraa kulla ummatin jaatsiyah, kullu ummatin tud'aa ilaa kitaabihaa, alyauma tujzauna maa kuntum ta'maluun.

29. Pangandikaning Allah: "Hiya buku iki cathetanIngsun, kang anuduhake marang sira kabeh kalawan sabenere, satemene Ingsun uga wus ambendhel cathetan apa bae kang padha sira tindakake".

٢٩- هٰذَا كِتٰبُنَا يَنْطِقُ عَلَيْكُمْ بِالْحَقِّ ۚ إِنَّا كُنَّا نَسْتَنْسِخُ مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Haadzaa kitaabunaa yanthiqu 'alaikum bil-haqqi, innaa kunnaa nastansikhu maa kuntum ta'maluun.

30. Dene wong kang padha iman lan nindakake laku becik, mangka Pangerane wong-wong mau nglebokake dheweke ana ing RahmaTe, kang mangkono iku kabegjan kang nyata!

٣٠- فَأَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ فَيُدْخِلُهُمْ رَبُّهُمْ فِيْ رَحْمَتِهٖ ۚ ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْمُبِيْنُ ۝

Fa-ammal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati fayud-khiluhum rabbuhum fii rahmatihii, dzaalika huwal fauzul mubiin

31. Apa dene wong-wong kang padha kafir padha didhawuhi: "Apa Ayat-AyatIngsun durung diwacakake marang sira kabeh, teka ing kono sira kabeh malah padha gumedhe lan dadi golongane kaum kang padha duraka".

٣١- وَأَمَّا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ۖ أَفَلَمْ تَكُنْ اٰيٰتِيْ تُتْلٰى عَلَيْكُمْ فَاسْتَكْبَرْتُمْ وَكُنْتُمْ قَوْمًا مُّجْرِمِيْنَ ۝

Wa ammalladziina kafaruu afalam takun aayaatii tutlaa 'alaikum fastakbartum wa kuntum qauman mujrimiin.

32. Lan nalika didhawuhake: "Satemene janjiNe Allah iku temen! lan dina Qiyamat iku ora ana keraguwan maneh". Sira kabeh banjur matur: "Kula sadaya boten mangertos, dinten Qiyamat punika punapa? Panginten kula sadaya inggih badhe wonten, ananging namung panginten, dados kula sadaya boten yakin saestu!".

٣٢- وَإِذَا قِيْلَ إِنَّ وَعْدَ اللّٰهِ حَقٌّ وَّالسَّاعَةُ لَا رَيْبَ فِيْهَا قُلْتُمْ مَّا نَدْرِيْ مَا السَّاعَةُ إِنْ نَّظُنُّ إِلَّا ظَنًّا وَّمَا نَحْنُ بِمُسْتَيْقِنِيْنَ ۝

Wa idzaa qiila inna wa'dallaahi haqquw wassaa'atu laa raiba fiihaa qultum maa nadrii massaa'atu innazhunnu illaa zhannaw wamaa nahnu bimustaiqiniin.

33. Wus cetha tumrap wong-wong iku: panggawe ala kang padha dilakoni, lan iku mesthi bakal kapatrapan siksa, jalaran saka anggone padha anggeguyu mau.

٣٣- وَبَدَا لَهُمْ سَيِّاٰتُ مَا عَمِلُوْا وَحَاقَ بِهِمْ مَّا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ ۝

Wabadaa lahum sayyi-aatu maa 'amiluu wa haaqa bihim maa kaanuu bihii yastahzi-uun.

34. Lan didhawuhake marang dheweke: "Mangertia! ing dina iki Ingsun lali marang sira kabeh, kaya anggonira padha lali ing dina sowanira iki! Nyata panggonanira iku ing Neraka, lan ora ana wong kang bisa nulungi marang sira kabeh.

٣٤- وَقِيلَ الْيَوْمَ نَنْسٰكُمْ كَمَا نَسِيتُمْ لِقَآءَ يَوْمِكُمْ هٰذَا وَمَاْوٰىكُمُ النَّارُ وَمَا لَكُمْ مِّنْ نّٰصِرِيْنَ ۝

Wa qiilal yauma nansaakum kamaa nasiitum liqaa-a yaumikum haadzaa wama'waakumun naaru wamaa lakum minan naashiriin.

35. Kang mangkono iku marga sira padha ngalap Ayat-Ayating Allah, sira anggo geguyon! lan sira wus kabujuk dening mompyoring kauripan Donya". Mula ing dina iki wong-wong mau ora diwetokake saka Neraka, lan uga ora diwenehi wektu kanggo tobat.

٣٥- ذٰلِكُمْ بِاَنَّكُمُ اتَّخَذْتُمْ اٰيٰتِ اللّٰهِ هُزُوًا وَّغَرَّتْكُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا ۚ فَالْيَوْمَ لَا يُخْرَجُوْنَ مِنْهَا وَلَا هُمْ يُسْتَعْتَبُوْنَ ۝

Dzaalikum bi-annakumut takhadz-tum aayaatillaahi huzuwaw wa gharrat-kumul hayaatud dunyaa, falyauma laa yukhra juuna minhaa walaa hum yusta'tabuun.

36. Mula mangkono, jalaran nyata sakabehe puji iku kagungaNe Allah pribadi, kang mangerani Langit lan Bumi, apa dene kang Jumeneng Pangeraning Jagadrat pramudita.

٣٦- فَلِلّٰهِ الْحَمْدُ رَبِّ السَّمٰوٰتِ وَرَبِّ الْاَرْضِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Falillaahil hamdu rabbis samaawaati wa rabbil ardhi rabbil 'aalamiin.

37. PanjenengaNe kagungan kaluhuran ana ing Langit lan Bumi, lan PenjenengaNe iku Maha Mulya tur Maha Wicaksana!

***)

٣٧- وَلَهُ الْكِبْرِيَآءُ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

Walahul kibriyaa-u fis-samaawaati wal ardhi wa huwal 'aziizul hakiim.

***) Anyuraos intisari lan interkorelasi (sesambetan ingkang manunggil ancas tujuan) ing antawis-ipun surat Al Jaatsiyah kalayan sirat Al Ahqaaf (pareden pasir ing Sahara) kirang langkung makaten: 1. Surat Al Jaatsiyah katutup sarana katerangan piwucal Tauhid ing Allah, dene surat Al Ahqaaf bab Tauhid kasebat ing awal surat. 2. Ing surat Al Ahqaaf, khusus anerangaken kaum A'ad inggih kaumipun Nabi Hud a.s. ugi masyhur kawastanan kaum Ar Rab'ul Khalli, kaum ingkang sanget ingkaripun ing Agamaning Allah, ing wusana kasiksa wonten ing Ahqaaf (pareden pasir ing tengahing Sahara) katrajang sirna dening siksa angin prahara. Makaten kaum 'Aad sirna sabab kafiripun ing Allah.

AL AHQAAF (PAGUNUNGAN WEDHI)

Surat kaping 46 : 35 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 10, 15 lan 35 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Al Jaatsiyah.

JUZ 26

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Haa Miim (Ngamungna ngarsa dalem Allah piyambak kang Udani apa maksude)

١ - حٰمٓ ۝

Haa Miim.

2. Tumurune Kitab Al Quraan iku terang saka ngarsaning Allah kang Maha Mulya tur Maha Wicaksana!

٢ - تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللّٰهِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ۝

Tanziilul kitaabi minallaahil 'aziizil hakiim.

3. Ingsun ora anitahake Langit lan Bumi, sarta saisen-isene kabeh, kajaba kalawan sabenere, lan tumeka waktu kang katamtokake! Dene wong-wong kang padha kafir, padha ngungkiri ing siksa kang diancamake marang dheweke.

٣ - مَا خَلَقْنَا السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَآ اِلَّا بِالْحَقِّ وَاَجَلٍ مُّسَمًّى ۭ وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا عَمَّآ اُنْذِرُوْا مُعْرِضُوْنَ ۝

Maa khalaqnas samaawaati wal ardha wamaa bainahumaa illaa bil-haqqi wa ajalim musammaa, walladziina kafaruu 'ammaa undziruu mu'ridhuun.

4. Muhammad, sira dhawuha: "Mara padha terangna marang aku kena apa teka sira kabeh padha nyembah Pangeran saliyaNe Allah! Coba tuduhna ana ngarsaku apa wae gegaweyane kang ana ing Bumi iki, utawa apa hiya dheweke bisa ngancani Allah anggone andamel Langit? Mara gawanen mrene! Kitab kang sadurunge Al Quraan iki, utawa

٤ - قُلْ اَرَءَيْتُمْ مَّا تَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ ۭ اَرُوْنِيْ مَاذَا خَلَقُوْا مِنَ الْاَرْضِ اَمْ لَهُمْ شِرْكٌ فِي السَّمٰوٰتِ ۭ ائْتُوْنِيْ بِكِتٰبٍ مِّنْ قَبْلِ هٰذَآ اَوْ اَثٰرَةٍ مِّنْ عِلْمٍ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ۝

kawruh tinggalan saka wong-wong jaman biyen, manawa nyata sira kabeh padha bener!".

Qul ara-aitum maa tad'uuna min duunil laahi aruunii maadzaa khalaquu minal ardhi am lahum syirkun fis-samaawaat, iituunii bikitaabim min qabli haadzaa au atsaaratim min 'ilmin in-kuntum shaadiqiin.

5. Lan ora ana wong kang sasar ngungkuli karo wong kang nyembah marang saliyane Allah, kang ora bisa nyembadani marang wong kang nyembah nganti tumeka dina Qiyamat, lan lali saka do'a panuwune wong-wong mau.

٥ - وَمَنْ أَضَلُّ مِمَّنْ يَّدْعُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَنْ لَّا يَسْتَجِيْبُ لَهٗٓ اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ وَهُمْ عَنْ دُعَآئِهِمْ غٰفِلُوْنَ ۝

Waman adhallu mimmay yad'uu min duunillaahi mal-laa yastajiibu lahuu ilaa yaumil qiyaamati wahum 'an du'aa-i him ghaafiluun.

6. Lan nalikane para manungsa wus padha dikumpulake, ing dina Qiyamat, ing kono banjur padha memungsuhan kalawan brahala sesembahane, nanging brahalane nyelaki wong-wong kang biyen padha memundhi.

٦ - وَاِذَا حُشِرَ النَّاسُ كَانُوْا لَهُمْ اَعْدَآءً وَّكَانُوْا بِعِبَادَتِهِمْ كٰفِرِيْنَ ۝

Wa idzaa husyiran naasu kaanuu lahum a'daa-aw wa kaanuu bi'ibaadatihim kaafiriin.

7. Lan nalika para manungsa diwacakake Ayat-AyatIngsun kang cetha, wong-wong kafir kang wus padha katekanan kabeneraning Al Quraan padha ngucap: "Iki sihir kang nyata!".

٧ - وَاِذَا تُتْلٰى عَلَيْهِمْ اٰيٰتُنَا بَيِّنٰتٍ قَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لِلْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمْ ۙ هٰذَا سِحْرٌ مُّبِيْنٌ ۝

Wa idzaa tutlaa 'alaihim aayaatunaa bayyinaatin qaalal ladziina kafaruu lilhaqqi lammaa jaa-ahum haadzaa sihrum mubiin.

8. Dheweke malah ngarani manawa Al Quraan iku rerekan gaweane Muhammad dhewe! Muhammad! sira dhawuha: "Manawa Quraan iku saka rerekanku dhewe, sira harak ora kuwasa nolak siksaNe Allah marang aku sathithik-thithika. Panjenengane luwih Nguningani prakara anggonira ngumumake Al Quraan mau! Wus cukup Allah kang anyekseni ing antaraku lan antaranira, hamung PanjenengaNe piyambak kang Maha Ngapura tur Maha Asih.

٨ - اَمْ يَقُوْلُوْنَ افْتَرٰىهُ ۭ قُلْ اِنِ افْتَرَيْتُهٗ فَلَا تَمْلِكُوْنَ لِيْ مِنَ اللّٰهِ شَيْـًٔا ۭ هُوَ اَعْلَمُ بِمَا تُفِيْضُوْنَ فِيْهِ ۭ كَفٰى بِهٖ شَهِيْدًۢا بَيْنِيْ وَبَيْنَكُمْ ۭ وَهُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ ۝

Am yaquuluunaf-taraahu, qul iniftaraituhuu falaa tamlikuuna lii minallaahi syai-aa, huwa a'lamu bimaa tufiidhuuna fiih, kafaa bihii syahiidam bainii wa bainakum, wahuwal ghafuurur rahiim.

9. Muhammad! sira dhawuha: "Aku dudu kawitane Rusul, lan aku ora weruh! apa

٩ - قُلْ مَا كُنْتُ بِدْعًا مِّنَ الرُّسُلِ وَمَآ اَدْرِيْ مَا يُفْعَلُ

kang bakal kapatrapake marang aku, lan marang sira. Aku mung ngestokake wahyu apa kang kaparingake marang aku, lan ora ana maneh aku iki, kajaba mung juru pepeling kang pratela!".

بِىَ وَلَآ بِكُمْ ۖ إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا يُوحَىٰٓ إِلَىَّ وَمَآ أَنَا
إِلَّا نَذِيرٌ مُّبِينٌ ۝

Qul maa kuntu bid'am minar rusuli wamaa adrii maa yuf'alu bii walaa bikum, in attabi'u illaa maa yuuhaa ilayya wamaa ana illaa nadziirum mubiin.

10. Muhammad! sira dhawuha: "Kapriye panemunira (kaum kafir Quraisy)! sarehne Al Quraan iku wus cetha saka ngarsaNe Allah, geneya teka sira maido, lan maneh, harak wus ana sawijining saksi wong[916] turun Bani Isra'il kang anekseni marang kasucianing Al Quraan, lan banjur iman, mung sira bae kang dhasare tekebur! Satemene Allah iku ora anuduhake wong-wong kang nganiaya.

١٠ - قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِن كَانَ مِنْ عِندِ ٱللَّهِ وَكَفَرْتُم بِهِۦ
وَشَهِدَ شَاهِدٌ مِّنۢ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ عَلَىٰ مِثْلِهِۦ
فَـَٔامَنَ وَٱسْتَكْبَرْتُمْ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝

Qul ara-aitum in-kaana min 'indillaahi wa kafartum bihii wa syahida syaahidum mim banii israa-iila 'alaa mitslihii fa-aamana wastakbartum, innallaaha laa yahdil qaumazh zhaalimiin.

11. Wong-wong kafir padha ngucap marang wong kang padha Mu'min: "Manawa Quraan iku luwih becik, mesthi dheweke[917] ora andhisiki duwe piyandel kang mangkono iku, sarta mesthi ora padha oleh pituduh kalawan Quraan!". Wong kafir bakal ngucap: "Quraan iki sawijining rerekan (gegorohan) kuna!".

١١ - وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَوْ كَانَ خَيْرًا مَّا
سَبَقُونَآ إِلَيْهِ ۚ وَإِذْ لَمْ يَهْتَدُوا۟ بِهِۦ فَسَيَقُولُونَ
هَٰذَآ إِفْكٌ قَدِيمٌ ۝

Wa qaalal ladziina kafaruu lilladziina aamanuu lau kaana khairam maa sabaquunaa ilaih, wa-idz lam yahtaduu bihii fasayaquuluuna haadzaa ifkun qadiir.

12. Lan sadurunge Al Quraan, Kitab kang diampil Nabi Musa iku sing dadi Panuntun lan Rahmat. Ana dene Al Quraan iki, Kitab kang ambenerake marang Kitabe Musa, nganggo basa 'Arab, minangka kanggo ngelingake wong kang watake padha nganiaya, lan ambebungah marang wong kang becik tindake.

١٢ - وَمِن قَبْلِهِۦ كِتَٰبُ مُوسَىٰٓ إِمَامًا وَرَحْمَةً ۚ وَهَٰذَا
كِتَٰبٌ مُّصَدِّقٌ لِّسَانًا عَرَبِيًّا لِّيُنذِرَ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ ۖ
وَبُشْرَىٰ لِلْمُحْسِنِينَ ۝

Wamin qablihii kitaabu muusaa imaamaw wa rahmah, wa haadzaa kitaabum mushaddiqul lisaanan 'arabiyyal liyundziral ladziina zhalamuu, wa busyraa lil muhsiniin.

---

916) **Saksi saking trah Bani Israil wau asmanipun Abdullah bin Salam, piyambakipun iman dhumateng Karasulanipun Nabi Muhammad s.a.w. sabab sampun neliti piyambak isinipun Al Quraan manggih ingkang cocok kaliyan Taurat, kadosta piwucal Tauhid, janji lan ancaman, karasulanipun Muhammad s.a.w. sarta kawontenan benjing dinten Qiyamat lan sanes-sanesipun.**

917) **Tetiyang ingkang ngrumiyini iman lan lajeng nindakaken amal shaleh wau, tetiyang Mekkah saking golongan tiyang miskin lan boten gadhah kalenggahan sosial punapa-punapa, kadosta Sekabat Bilal (asalipun batur tukon saking Afrika), para Sekabat 'Ammar, Suhaib, Habbab radhiyallahu'anhum lan sanes-sanesipun (mugi Allah paring ridha-karahmatan ing panjejengan - ipun sadaya, sabab ageng lelabetanipun ambelani Agami Islam).**

13. Sanyata wong kang padha ngucap: "Allah Pangeran kita!", sabanjure nuli padha tumindak jejeg, mangka wong iku ora bakal padha kuwatir apa-apa, lan ora bakal padha nemoni susah![918]

١٣- إِنَّ الَّذِينَ قَالُوا رَبُّنَا اللَّهُ ثُمَّ اسْتَقَامُوا فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ۝

Innalladziina qaaluu rabbunallaahu tsummas-taqaamuu falaa khaufun 'alaihim walaa hum yahzanuun.

14. Wong-wong kang mangkono iku bakal padha manggon ana ing Suwarga, tur padha langgeng ana ing kono! Iku minangka dadi piwalese tumindak kang wus padha ditindakake.

١٤- أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَنَّةِ خَالِدِينَ فِيهَا جَزَاءً بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ۝

Ulaa-ika ash-haabul jannati khaalidiina fiihaa, jazaa-am bimaa kaanuu ya'lamuun

Kuwajibaning manungsa bekti marang Rama lan Ibu.

15. Lan Ingsun paring dhawuh marang manungsa, supaya padha ambecikana marang yayah lan rena, wong tuwane sakarone. Ibune wus ngandhut kanthi rekasa, banjur nglahirake, uga kanthi rekasa! Anggone ngandhut nganti panyapihe iku sajerone telung puluh Sasi. Sahingga manawa wong iku wus sampurna kakuwatane, yaiku tumeka umur patang puluh tahun, dheweke padha nyenyuwun: "Dhuh Allah! Pangeran kula, mugi Paduka paring pitedah ngaturaken puji syukur tumrap kani'matan peparing Paduka, ingkang sampun Paduka paringaken dhumateng kula tuwin dhumateng tiyang sepuh kula kekalih, saha sageda nindakaken 'amal shaleh ingkang Paduka renani, lan mugi Paduka nyaekaken turun kula. Saestunipun kawula tobat dhumateng Paduka lan

١٥- وَوَصَّيْنَا الْإِنسَانَ بِوَالِدَيْهِ إِحْسَانًا حَمَلَتْهُ أُمُّهُ كُرْهًا وَوَضَعَتْهُ كُرْهًا وَحَمْلُهُ وَفِصَالُهُ ثَلَاثُونَ شَهْرًا حَتَّىٰ إِذَا بَلَغَ أَشُدَّهُ وَبَلَغَ أَرْبَعِينَ سَنَةً قَالَ رَبِّ أَوْزِعْنِي أَنْ أَشْكُرَ نِعْمَتَكَ الَّتِي أَنْعَمْتَ عَلَيَّ وَعَلَىٰ وَالِدَيَّ وَأَنْ أَعْمَلَ صَالِحًا تَرْضَاهُ وَأَصْلِحْ لِي فِي ذُرِّيَّتِي ۖ إِنِّي تُبْتُ إِلَيْكَ وَإِنِّي مِنَ الْمُسْلِمِينَ ۝

Wa washshainal insaana biwaalidaihi ihsaanaa, hamalat-hu ummuhuu kurhaw wa wadha'at-hu kurhaa, wa hamluhuu wa fishaaluhuu tsalaatsuuna syahraa, hattaa idzaa balagha asyuddahuu wa balagha arba'iina sanatan, qaala rabbi auzi'nii an asykura ni'matakal latii an'amta 'alayya wa 'alaa waalidayya wa-an a'mala shaalihan tardhaahu wa ashlih lii fii dzurriyyatii, innii tubtu ilaika wa innii minal muslimiin.

---

918) Saestunipun tiyang Mu'min punika sami boten ngestokaken kajawi namung dhumateng Allah piyambak, sarta tumindak leres, bares, lan jujur sarana adhedhasar Kitabullah Al Quraan, punika boten perlu ajrih lan kuwatos punapa-punapa, ing pundi papan lan wekdal, Gusti Allah tamtu paring Hidayah lan Taufik. Sampun limrah perjoangan marsudi karaharjan Donya dumugining Akherat, manggihi cobi warni-warni (alangan, rintangan, hambatan lan tantangan) kedah dipun adhepi sarana teteg lan tatag ing manah lan tansah eling sarta waspada. Tumindak ngupados kekiyatan sarana lampah kemusyrikan, takhayyul, lan jimat-jimat sapiturutipun, Allah boten paring pangapunten lan punika duraka hukumipun.

sayektosipun kula punika golonganipun tiyang Islam!".[919]

16. Wong kang kaya mangkono mau kang Ingsun tampa becik 'amal tumindake, lan Ingsun liwati 'amale kang ala Sun paringi pangapura, sarta bakal manggon ing Suwarga. Bener janjiNe Allah kang wus dijanjekake marang wong iku kabeh.

١٦- أُولَٰئِكَ الَّذِينَ نَتَقَبَّلُ عَنْهُمْ أَحْسَنَ مَا عَمِلُوا وَنَتَجَاوَزُ عَن سَيِّئَاتِهِمْ فِي أَصْحَابِ الْجَنَّةِ ۖ وَعْدَ الصِّدْقِ الَّذِي كَانُوا يُوعَدُونَ ۝

Ulaa-ikal ladziina nataqabbalu 'anhum ahsana maa 'amiluu wa natajaawazu 'an sayyi-aatihim fii ash-haabil jannah, wa'dash shidqilladzii kaanuu yuu'aduun.

17. Dene wong kang ngucap marang wong tuwane loro: "Hud (boten sudi)!, teka sampeyan sakaliyan ngancam dhateng kula, manawi kula badhe tangi saking kubur, kula punika sampun mengkeraken para ummat turun maturun!". Bapa biyunge sakaloron padha matur sesambat marang Allah. Lan

١٧- وَالَّذِي قَالَ لِوَالِدَيْهِ أُفٍّ لَّكُمَا أَتَعِدَانِنِي أَنْ أُخْرَجَ وَقَدْ خَلَتِ الْقُرُونُ مِن قَبْلِي ۖ وَهُمَا يَسْتَغِيثَانِ اللَّهَ وَيْلَكَ آمِنْ إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ فَيَقُولُ مَا هَٰذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ۝

---

919) Suraosing ayat punika langkung rumiyin kasambet surat Al Bayyinah ayat: 5 lan surat Al Insaan ayat: 8—11, saged dados topik diskusi "Bekti ing tiyang Sepuh" punika kadhawuhaken sasampunipun dhawuh 'Ibadah lan Tauhid ing Allah. Piwucal Agami Islam punika sarikma pinara sasra boten geseh lan boten cengkah kalayan piwucal falsafah Pancasila ingkang sampun dados dhedhasaring Negari lan Masyarakat kita Indonesia, lan sapunika kantun nindakaken, ngayati lan ngamalaken! Agami Islam punika mengku piwucal tembayatan warni kalih: lelayanan kaliyan Gusti Allah ingkang nitahaken, lan kaliyan masyarakat sesamining manungsa. Ingkang kaliyan Allah, ngaturaken panembah, pamuji lan pamituhu syari'atipun, dene ingkang kaliyan masyarakat (ngasanes), adamel sae lan ngajeni sasaminipun. Gesang wonten masyarakat ingkang baku piyambak, 'ibadah lan tauhid ing Allah, adamel sae dhumateng tiyang sepuh kekalih, sanak sadherek, tangga tepalih lan salajengipun bebrayaning masyarakat. Tehnis strategisipun adamel sae ing sesami, punika piwucal Islam kawiwitan saking damel sae tiyang sepuh kekalih, sanak sadherek, salajengipun kasebat wau! Praktekipun tumindak makaten: ingkang ageng, luhur, pinter utawi sugih sapiturutipun, kedah ngemong mengku lan mbantu dhateng ingkang alit, ina, bodho, utawi mlarat sasaminipun. Lan ingkang alit sapiturutipun wau, kedah ngajeni dhateng ingkang ageng salajengipun. Saestu manawi dhawuhing Agami punika sami dipun estokaken, lan mesthinipun panci inggih kedah makaten, sampun tamtu badhe mahanani tata-tentrem, raharja sarta wilujeng wonten ing satunggal-satunggaling griya, kampung, Negari tuwin kita wradinaken Sajagadrat! Kenging punapa bekti dhateng tiyang sepuh punika wajib? Jalaran tiyang sepuh kekalih punika minangka dados lelantaraning dumadi, sarta dados juru pamongipun ingkang tanpa pamrih. Lan tiyang sepuh kekalih wau kabekta saking remen lan welasipun dhateng anak, purun nglampahi rekaos lan prihatos, perlu namung badhe anjagi kawilujenganipun saha marsudi kasaenanipun anak, ngantos dumugi ing Pawiyatan Luhur (Universitas) dipun labuhi nelas-nelasaken wragad, amrih supados benjing dados Sarjana taqwa ing Allah. Pramila sampun samesthinipun tiyang sepuh kekalih punika kedah dipun damel sae, dipun ajeni, sarta dipun suwunaken pangaksami ing Allah, menawi sampun almarhum! Awit nama sampun motangaken kautaman ingkang ageng sarta kasaenan ingkang kathah sanget, langkung-langkung IBU ingkang sakalangkung agung katresnan lan alusing bebudenipun sarta kaprihatosanipun rinten dalu! Sumangga para maos, kula aturaken makaten supadosa ing gelanggang pendidikan kita, sampun ngantos kalirwakaken bilih bekti tiyang sepuh kekalih punika cirinipun Bangsa ingkang kagungan pribadi-luhur!

padha tutur marang anake: "Sira mesthi bakal nemahi bilahi, mula padha imana ing Allah". "Sanyata janjining Allah iku temen". Nanging anake mangsuli: "Boten sanes cariyos sampeyan punika, kajawi dongenganipun para tiyang kina-kina".

Walladzii qaala liwaalidaihi uffil lakumaa ata'idaaninii an ukhraja waqad khalatil quruunu min qablii, wa humaa yastaghiitsaanil-laaha wailaka aamin, inna wa'dallaahi haqqun, fayaquulu maa haadzaa illaa asaathiirul awwaliin.

18. Wong-wong kang kaya mangkono mau wus padha katamtokake bakal kasiksa, ora beda karo ummat kang wus kapungkur biyen, yaiku jin lan manungsa, dheweke temen padha kapitunan!

١٨- أُولَٰئِكَ الَّذِينَ حَقَّ عَلَيْهِمُ الْقَوْلُ فِي أُمَمٍ قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِهِم مِّنَ الْجِنِّ وَالْإِنسِ ۖ إِنَّهُمْ كَانُوا خَاسِرِينَ ۝

Ulaa-ikal ladziina haqqa 'alaihimul qaulu fii umamin qad khalat min qablihim minal jinni wal insi, innahum kaanuu khaasiriin.

19. Sawiji-wijining manungsa lan jin iku padha duwe derajat dhewe-dhewe, miturut apa tumindake, lan Allah bakal anyukupi paring piwales tumrap 'amale para manungsa lan jin, sithik bae ora bakal dikaniaya.

١٩- وَلِكُلٍّ دَرَجَاتٌ مِّمَّا عَمِلُوا ۚ وَلِيُوَفِّيَهُمْ أَعْمَالَهُمْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ۝

Wa likulli darajaatum mimmaa 'amiluu, wa liyuwaffiyannahum a'maalahum wahum laa yuzhlamuun.

20. Lan elinga! besuk ana ing dina Qiyamat, nalikane wong-wong kafir dipintokake ana ing Neraka lan didhawuhi: "Sira kabeh wus padha nutug-nutugake kasenenganira duk nalika urip ana ing Donya, lan mung padha andrawina ing Donya kono, mula ing dina iki gilirane sira padha dipatrapi siksa kang nginakake, sabab sira padha gumedhe ana ing Bumi ora kalawan bener, lan sabab sira padha dadi wong fasik kaliwat ngekad.

٢٠- وَيَوْمَ يُعْرَضُ الَّذِينَ كَفَرُوا عَلَى النَّارِ أَذْهَبْتُمْ طَيِّبَاتِكُمْ فِي حَيَاتِكُمُ الدُّنْيَا وَاسْتَمْتَعْتُم بِهَا ۖ فَالْيَوْمَ تُجْزَوْنَ عَذَابَ الْهُونِ بِمَا كُنتُمْ تَسْتَكْبِرُونَ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَبِمَا كُنتُمْ تَفْسُقُونَ ۝

Wa yauma yu'radhul ladziina kafaruu 'alannaar, adz-habtum thayyibaatikum fii hayaatikumud dunyaa wastamta'tum bihaa, falyauma tujzauna 'adzaabal huuni bimaa kuntum tastakbiruuna fil ardhi bighairil haqqi wa bimaa kuntum tafsuquun.

Rusak sirnaning kaum 'Aad.

21. Lan elinga! Hud sadulure kaum 'Aad ing nalika dheweke ngelingake marang kaume ana ing jurang Ahqaaf, yaiku pagunungan wedhi, ing sadurunge lan sapungkure Hud, uga wus akeh para Andika Rasul kang aweh pepeling, pangucape Hud: "Sira aja nyembah saliyane Allah, satemene aku kuwatir yen nganti sira kapatrapan siksa ana ing dina kang gedhe pakewuhe!".

٢١- وَاذْكُرْ أَخَا عَادٍ إِذْ أَنذَرَ قَوْمَهُ بِالْأَحْقَافِ وَقَدْ خَلَتِ النُّذُرُ مِن بَيْنِ يَدَيْهِ وَمِنْ خَلْفِهِ أَلَّا تَعْبُدُوا إِلَّا اللَّهَ ۖ إِنِّي أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ۝

Wadzkur akhaa 'aadin, idz andzara qaumahuu bil-ahqaafi waqad khalatin nudzuru mim baini yadaihi wamin khalfihii allaa ta'buduu illallaah, innii akhaafu 'alaikum 'adzaaba yaumin 'a-zhiim.

22. Kaume padha matur: "Punapa panjenengan rawuh mriki punika namung saperlu badhe ngewah-ewah adhep kula sadaya dhateng sesembahan kita. Suwawi siksa ingkang panjenengan ancamaken punika enggal kadhatengaken mriki, manawi panjenengan punika temen!".

٢٢- قَالُوْٓا اَجِئْتَنَا لِتَاْفِكَنَا عَنْ اٰلِهَتِنَا فَاْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ اِنْ كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۝

Qaaluu aji'tanaa lita'fikanaa 'an aalihatinaa, fa'tinaa bimaa ta'idunaa inkunta minash shaadiqiin.

23. Hud angucap: "Prakara tekaning siksa iku mung kauningan ana ngarsa dalem Allah. Aku sadrema angratakake dhawuh ampilanku marang sira kabeh. Ananging saka panyawangku sira kabeh iku kaum kang ora mangerti".

٢٣- قَالَ اِنَّمَا الْعِلْمُ عِنْدَ اللّٰهِ ۖ وَاُبَلِّغُكُمْ مَّآ اُرْسِلْتُ بِهٖ وَلٰكِنِّيْٓ اَرٰىكُمْ قَوْمًا تَجْهَلُوْنَ ۝

Qaala innamal 'ilmu 'indallaah, wa uballighukum maa ursiltu bihii walaakinnii araakum qauman tajhaluun.

24. Bareng kaume Hud sumurup siksaning Allah anggameng ana ing sadhuwuring jurang pagunungan wedhi, banjur padha ngucap: "Lah iki! ana mendhung angendanu, bakal ngudani aku kabeh!". Balik satemene iku siksaning Allah kang sira arep-arep enggal tumibane; yaiku angin prahara kang anggawa siksa kang nglarani banget!

٢٤- فَلَمَّا رَاَوْهُ عَارِضًا مُّسْتَقْبِلَ اَوْدِيَتِهِمْ ۙ قَالُوْا هٰذَا عَارِضٌ مُّمْطِرُنَا ۭ بَلْ هُوَ مَا اسْتَعْجَلْتُمْ بِهٖ ۭ رِيْحٌ فِيْهَا عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Falammaa ra-auhu 'aaridham mustaqbila audiyatihim qaaluu haadzaa 'aaridhum mumthiranaa, bal huwa masta'jaltum bih, riihun fiihaa 'adzaabun aliim.

25. Siksa mau kang bakal gawe rusak sirnaning samubarang kang kumelip, kalawan parentahing PangeraNe, ing wusana wong-wong mau ora katon kumliwer, kajaba kang kari mung omah-omahe! Kaya mangkono iku anggon Ingsun males marang para wong kang duraka.

٢٥- تُدَمِّرُ كُلَّ شَيْءٍۢ بِاَمْرِ رَبِّهَا فَاَصْبَحُوْا لَا يُرٰٓى اِلَّا مَسٰكِنُهُمْ ۭ كَذٰلِكَ نَجْزِي الْقَوْمَ الْمُجْرِمِيْنَ ۝

Tudammiru kulla syai-im bi-amri rabbihaa fa-ashbahuu laa yuraa illaa masaakinuhum, kadzaalika najzil qaumal mujrimiin.

26. Lan yekti Ingsun wus temen-temen anglulusake marang kaume Hud ing barang kang sira kabeh ora padha Ingsun lulusake, yaiku dheweke padha duwe kakuwatan lan kasugihan. Sarta padha Ingsun paringi landhep pangrungune, paningale, lan landhep

٢٦- وَلَقَدْ مَكَّنّٰهُمْ فِيْمَآ اِنْ مَّكَّنّٰكُمْ فِيْهِ وَجَعَلْنَا لَهُمْ سَمْعًا وَّاَبْصَارًا وَّاَفْـِٕدَةً ۡ فَمَآ اَغْنٰى عَنْهُمْ سَمْعُهُمْ وَلَآ اَبْصَارُهُمْ وَلَآ اَفْـِٕدَتُهُمْ مِّنْ شَيْءٍ

إِذْ كَانُوا يَجْحَدُونَ بِآيَاتِ اللَّهِ وَحَاقَ بِهِم مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ۝

pikirane, ananging eman! pangrungune, paningale, lan pikirane ora migunani marang dheweke sathithik-thithika, jalaran tansah ngingkari Ayat-Ayating Allah, lan banjur kapatrapan siksa kang biyen padha nyepelekake!

Walaqad makkannaahum fiimaa im makkannaahum fiihi wa ja'alnaa lahum sam'aw wa abshaaraw wa af-idatan famaa aghnaa 'anhum sam'uhum walaa abshaaruhum walaa af-idatuhum min syai-in idz kaanuu yajhaduuna bi-aayaatillaahi wa haaqa bihim maa kaanuu bihii yastah-zi-uun.

وَلَقَدْ أَهْلَكْنَا مَا حَوْلَكُم مِّنَ الْقُرَىٰ وَصَرَّفْنَا الْآيَاتِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ۝ ٢٧

27. Lan yekti temen Ingsun uga wus ngrusak nyirnakake padesan kang ana sakiwa tengenira kabeh. Ingsun wus mratelakake Ayat kalawan bola-bali, kang mangkono iku supaya dheweke padha gelem bali tobat!

Walaqad ahlaknaa maa haulakum minal quraa wa sharrafnal aayaati la'allahum yarji'uun.

فَلَوْلَا نَصَرَهُمُ الَّذِينَ اتَّخَذُوا مِن دُونِ اللَّهِ قُرْبَانًا آلِهَةً ۖ بَلْ ضَلُّوا عَنْهُمْ ۚ وَذَٰلِكَ إِفْكُهُمْ وَمَا كَانُوا يَفْتَرُونَ ۝ ٢٨

28. Mula, yagene brahala kang padha dianggep pangeran saliyane Allah lan dicaosi sesaji, teka ora bisa tulung marang wong kafir kabeh? Nanging malah padha ilang kinedhepake saka wong iku kabeh, dadi panganggep kang mangkono iku tetep saka rerekane wong kafir dhewe!

Falaulaa nasharahumul ladziinat takhadzuu min duunillaahi qurbaanan aalihatan, bal dhalluu 'anhum, wa dzaalika ifkuhum wamaa kaanuu yaftaruun.

Sumiyaring piwulang Al Quraan marang golongan para jin.

وَإِذْ صَرَفْنَا إِلَيْكَ نَفَرًا مِّنَ الْجِنِّ يَسْتَمِعُونَ الْقُرْآنَ فَلَمَّا حَضَرُوهُ قَالُوا أَنصِتُوا ۖ فَلَمَّا قُضِيَ وَلَّوْا إِلَىٰ قَوْمِهِم مُّنذِرِينَ ۝ ٢٩

29. Lan elinga! nalika golongane para jin Ingsun condhongake marang sira, yaiku padha ngrungokake Quraan. Sawuse padha teka ing kono, banjur padha akon marang kancane: "Padha ninglingna!". Bareng wus padha rampung pamacanira Quraan, nuli padha mulih marang kaume, lan kaume padha dielingake".

Wa-idz sharafnaa ilaika nafaram minal jinni yasma'uunal qur-aan, falammaa hadharuuhu qaaluu an.ituu, falammaa qudhiya wallau ilaa qaumihim mundziriin.

قَالُوا يَا قَوْمَنَا إِنَّا سَمِعْنَا كِتَابًا أُنزِلَ مِن بَعْدِ مُوسَىٰ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ يَهْدِي إِلَى الْحَقِّ وَإِلَىٰ ٣٠

30. Pangucape para jin: "He kaumku kabeh! aku mentas bae krungu Kitab Al Quraan diwaca, yaiku Kitab kang diturunake sa-

pungkure Musa, ambenerake marang Kitab kang sadurunge, sarta nuduhake menyang kabeneran, lan marang dalan kang jejeg.

طَرِيْقٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝

Qaaluu yaa qaumanaa innaa sami'naa kitaaban unzila mim ba'di muusaa mushaddiqal limaa baina yadaihi yahdii ilal haqqi wa ilaa thariiqim mustaqiim.

31. He kaumku! sira padha ngestokna, lan percayaa! marang wong kang ngajak-ajak netepi Agamaning Allah. Allah bakal paring pangapura ing dosanira, lan nylametake sira saka siksa kang nglarani.

٣١- يٰقَوْمَنَآ اَجِيْبُوْا دَاعِيَ اللّٰهِ وَاٰمِنُوْا بِهٖ يَغْفِرْ لَكُمْ مِّنْ ذُنُوْبِكُمْ وَيُجِرْكُمْ مِّنْ عَذَابٍ اَلِيْمٍ ۝

Yaa qaumanaa ajiibuu daa'iyallaahi wa aaminuu bihii yaghfir lakum min dzunuubikum wa yujirkum min 'adzaabin aliim.

32. Ana dene sing sapa ora angestokake wong kang ajak-ajak netepi Agamaning Allah, Gusti Allah ora bakal kesamaran karo wong iku!, sanadyan dheweke andhelik ana jeron Bumi, lan ora ana kang bisa nulungi marang dheweke saliyane Allah. Wong kang mangkono iku kalebu sasar kang pratela.

٣٢- وَمَنْ لَّا يُجِبْ دَاعِيَ اللّٰهِ فَلَيْسَ بِمُعْجِزٍ فِى الْاَرْضِ وَلَيْسَ لَهٗ مِنْ دُوْنِهٖٓ اَوْلِيَآءُ ۭ اُولٰۗىِٕكَ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ۝

Wamal-laa yujib daa'iyallaahi falaisa bimu'jizin fil ardhi wa laisa lahuu min duunihii auliyaa', ulaa-ika fii dhalaalim mubiin.

33. Apa wong-wong kafir iku ora padha anggatekake, yen Allah iku Dzat kang wus anitahake Langit lan Bumi tanpa rekasa! PanjenengaNe iku Dzat kang Maha Kuwasa anguripake wong kang wus mati. Mesthine wong kafir padha weruh, sanyata Allah iku Maha Kuwasa marang sakabehing barang".

٣٣- اَوَلَمْ يَرَوْا اَنَّ اللّٰهَ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَلَمْ يَعْيَ بِخَلْقِهِنَّ بِقٰدِرٍ عَلٰٓي اَنْ يُّحْيِۦَ الْمَوْتٰى ۭ بَلٰٓى اِنَّهٗ عَلٰي كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Awalam yarau annaallaahal ladzii khalaqas samaawaati wal ardha walam ya'ya bikhalqihinna biqaadirin 'alaa ay yuhyiyal mautaa, balaa innahuu 'alaa kulli syai-in qadiir.

34. Lan elinga!, besuk ana ing dinaning Qiyamat, nalikane wong-wong kafir diweruhake Neraka, banjur ana dhawuh: "Apa siksa Neraka iki ora nyata?". Ature wong-wong mau: "Demi Pangeran kula!, saestu sampun nyata". Pangandikaning Allah: "Sira padha ngrasakna siksa Neraka, marga anggonira wus padha kafir".

٣٤- وَيَوْمَ يُعْرَضُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا عَلَي النَّارِ ۭ اَلَيْسَ هٰذَا بِالْحَقِّ ۭ قَالُوْا بَلٰى وَرَبِّنَا ۭ قَالَ فَذُوْقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُوْنَ ۝

Wa yauma yu'radhul ladziina kafaruu 'alannaar, alaisa haadzaa bil-haqqi, qaaluu balaa wa rabbinaa, qaala fadzuuqul 'adzaaba bimaa kuntum takfuruun..

35. Muhammad! sira sing sabar, kaya kasabarane para Andika Rasul, kang padha santosa atine, sira aja kesusu nyuwun dienggalake tumuruning siksa marang wong kafir. Ing mbesuk, nalikane wong kafir andeleng siksa kang wus diancamake, rumangsane uripe ana ing Donya mung saejam ing wayah rina. Al Quraan iki diwaratakake marang para manungsa! Ora bakal ditumpes kajaba wong kang padha fasek".

***)

٣٥- فَاصْبِرْ كَمَا صَبَرَ أُولُوا الْعَزْمِ مِنَ الرُّسُلِ وَلَا تَسْتَعْجِلْ لَّهُمْ كَأَنَّهُمْ يَوْمَ يَرَوْنَ مَا يُوعَدُونَ لَمْ يَلْبَثُوا إِلَّا سَاعَةً مِّن نَّهَارٍ بَلَاغٌ فَهَلْ يُهْلَكُ إِلَّا الْقَوْمُ الْفَاسِقُونَ ۝

Fashbir kamaa shabara ulul 'azmi minar rusuli walaa tasta'jil lahum, ka-annahum yauma yarauna maa yuu'aduun, lam yalbatsuu illaa saa'atam min nahaar, balaaghun fahal yuhlaku illal qaumul faasiquun.

***) Katerangan sawatawis inusari lan interkorelasi (sesambetan ingkang manunggil ancas tujuan) antawisipun surat Al Ahqaaf kalayan surat Muhammad, ing antawisipun makaten: Bilih kakalihipun surat kasebat, manunggiling sasambetanipun kenceng sanget, inggih punika jejer kuwajiban para Rasul ingkang baku punika angedegaken Agami: Tauhid ing Allah, boten kafir, lan boten syirik (mangro) sakedhik-kedhika! Sintena ingkang gumedhe, tekebur lan kufur, badhe ageng sanget siksaning Pangeran.,

MUHAMMAD (NABI MUHAMMAD S.A.W.)

Surat kaping 47 : 38 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kajaba ayat 13 kawahyokake ana ing paran, nalika Rasulullah s.a.w. Hijrah. Tumurun sawuse surat Al Hadiid.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Sikepe wong Mu'min ngadhepi wong kafir ana ing madyaning palagan.

1. Wong-wong kafir kang nyegah para manungsa saka Agamaning Allah, wus padha sasar tindake.

١ - اَلَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ اَضَلَّ اَعْمَالَهُمْ ○

Alladziina kafaruu wa shadduu 'an sabiilillaahi adhalla a'maalahum.

2. Dene wong-wong Mu'min kang padha nindakake laku becik, lan padha pracaya apa kang tinurunake marang Muhammad, yaiku Wahyu, terang saka ngarsa dalem Pangerane, iku wus padha tinutupan alane, lan dibecikake bebudene.

٢ - وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ وَاٰمَنُوْا بِمَا نُزِّلَ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَّهُوَ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّهِمْ ۙ كَفَّرَ عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ وَاَصْلَحَ بَالَهُمْ ○

Walladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati wa aamanuu bimaa nuzzila 'alaa muhammadiw wa huwal haqqu mir-rabbihim kaffara 'anhum sayyi-aatihim wa ashlaha baalahum.

3. Kang mangkono mau, sabab wong kafir iku padha manut barang batal, dene wong Mu'min padha manut barang bener, kang wus terang saka ngarsaning Pangerane. Kaya mangkono iku Allah anggambarake marang para manungsa ing sanepane.

٣ - ذٰلِكَ بِاَنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوا اتَّبَعُوا الْبَاطِلَ وَاَنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّبَعُوا الْحَقَّ مِنْ رَّبِّهِمْ ۚ كَذٰلِكَ يَضْرِبُ اللّٰهُ لِلنَّاسِ اَمْثَالَهُمْ ○

Dzaalika bi-annalladziina kafarut taba'ul baathila wa annalladziina aamanut taba-'ul haqqa mir-rabbihim, kadzaalika yadh-ribullaahu linnaasi amtsaalahum.

4. Nalikane sira wus katemu karo wong kafir ana ing palagan, banjur sira tigasen gulune. Hengga manawa sira ngrubuhake marang wong kafir, wong kafir mau banjur dadi bebandanira, yaiku dadi boyongan, sabanjure sira diwenangake milih: ana kalane sira slametake, utawa sira jaluki tebusan. Kang mangkono iku nganti tekan waktu tentrem peperangan. Manawa dadi kapareng-ing karsaNe Allah nyiksa wong kafir ora sarana perang, mesthi bisa kelakon. Ananging Allah karsa anyoba sawenehira kalawan liya-ne. Dene wong kang pinatenan, gugur dadi syuhadak, ana ing perang Sabilillah iku ora babar pisan yen nganti disasarake lakune!

٤ - فَإِذَا لَقِيتُمُ الَّذِينَ كَفَرُوا فَضَرْبَ الرِّقَابِ حَتَّىٰ إِذَا أَثْخَنتُمُوهُمْ فَشُدُّوا الْوَثَاقَ فَإِمَّا مَنًّا بَعْدُ وَإِمَّا فِدَاءً حَتَّىٰ تَضَعَ الْحَرْبُ أَوْزَارَهَا ۚ ذَٰلِكَ وَلَوْ يَشَاءُ اللَّهُ لَانتَصَرَ مِنْهُمْ وَلَٰكِن لِّيَبْلُوَ بَعْضَكُم بِبَعْضٍ ۗ وَالَّذِينَ قُتِلُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ فَلَن يُضِلَّ أَعْمَالَهُمْ ۝

Fa-idzaa laqiitumul ladziina kafaruu fa-dharbar riqaabi, hattaa idzaa ats-khan-tumuuhum fasyuddul watsaaq, fa-immaa mannam ba'du wa immaa fidaa-an hattaa tadha'al harbu auzaarahaa, dzaalika wa-lau yasyaa-ullaahu lantashara minhum walaakil liyabluwa ba'dhakum biba'dhin, walladziina qutiluu fii sabiilillaahi falay yudhilla a'maalahum.

5. Allah bakal anuduhake marang wong iku kabeh, sawijining tuntunan kanggo am-becikake kahanane (bebudene) dheweke

٥ - سَيَهْدِيهِمْ وَيُصْلِحُ بَالَهُمْ ۝

Sayahdiihim wa yushlihu baalahum.

6. Lan anglebokake wong iku kabeh ana ing Suwarga kang wus tinengeran bakal dadi panggonane.

٦ - وَيُدْخِلُهُمُ الْجَنَّةَ عَرَّفَهَا لَهُمْ ۝

Wa yudkhiluhumul jannata 'arrafahaa lahum.

Wong-wong Mu'min mesthi menang, lan wong kang padha kafir mesthi asor.

7. He wong kang iman!, manawa sira padha nulungi Agamaning Allah Panjenenga-aNe mesthi uga banjur nulungi ing sira kabeh, lan netepake (ngukuhake) dlamakan-ira ora arep mundur sapecak.

٧ - يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِن تَنصُرُوا اللَّهَ يَنصُرْكُمْ وَيُثَبِّتْ أَقْدَامَكُمْ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu in tan-shurullaaha yanshurkum wa yutsabbit aqdaamakum.

8. Dene wong-wong kafir iku tetep ka-patrapan karusakan, lan Allah nyasarake amal-amale dheweke.

٨ - وَالَّذِينَ كَفَرُوا فَتَعْسًا لَّهُمْ وَأَضَلَّ أَعْمَالَهُمْ ۝

Walladziina kafaruu fata'sallahum wa adhalla a'maalahum.

٩ - ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَرِهُوا مَا أَنْزَلَ اللّٰهُ فَأَحْبَطَ أَعْمَالَهُمْ ۝

Dzaalika bi-annahum karihuu maa anzalallaahu fa-ahbatha a'maalahum.

9. Kang mangkono iku jalaran satemene dheweke wus padha gething karo Wahyu kang tinurunake Allah, PanjenengaNe banjur nglebur ganjaran amale wong-wong iku kabeh.

١٠ - أَفَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنْظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۖ دَمَّرَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ ۖ وَلِلْكَافِرِينَ أَمْثَالُهَا ۝

Afalam yasiiruu fil ardhi fayanzhuruu kaifa kaana 'aaqibatul ladziina min qablihim, dammaral-laahu 'alaihim wa lilkaafiriina amtsaalahum.

10. Apa wong-wong kafir ora padha anjajah desa milang kori ing Bumi, banjur padha ngangen-angen kapriye mungguh wekasane wong-wong kafir sadurunge dheweke. Allah wus nyirnakake wong iku kabeh, samono uga sakehe wong kafir iku padha bae.

١١ - ذٰلِكَ بِأَنَّ اللّٰهَ مَوْلَى الَّذِينَ آمَنُوا وَأَنَّ الْكَافِرِينَ لَا مَوْلَىٰ لَهُمْ ۝

Dzaalika bi-annallaaha maulal ladziina aamanuu wa-annal kaafiriina laa maulaa lahum.

11. Kang mangkono iku, jalaran sanyata Allah iku Bendarane wong-wong Mu'min. Lan satemene wong-wong kafir iku ora duwe Bendara kang makolehake awake.

١٢ - إِنَّ اللّٰهَ يُدْخِلُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۖ وَالَّذِينَ كَفَرُوا يَتَمَتَّعُونَ وَيَأْكُلُونَ كَمَا تَأْكُلُ الْأَنْعَامُ وَالنَّارُ مَثْوًى لَهُمْ ۝

Innallaaha yudkhilul ladzina aamanuu wa 'amilush shaalihaati jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru, walladziina kafaruu yatamatta'uuna wa ya'kuluuna kamaa ta'kulul an'aamu wannaaru matswal lahum.

12. Sanyata Allah bakal nglebokake para wong Mu'min kang padha nindakake laku becik ana ing Suwarga, kang ngisore ana bengawane mili. Dene para wong kafir wus padha tumindak seneng-seneng ana Donya, lan dheweke mangan kaya dene mangane raja kaya, mula mung Neraka kang pantes dadi panggonane.

١٣ - وَكَأَيِّنْ مِنْ قَرْيَةٍ هِيَ أَشَدُّ قُوَّةً مِنْ قَرْيَتِكَ الَّتِي أَخْرَجَتْكَ أَهْلَكْنَاهُمْ فَلَا نَاصِرَ لَهُمْ ۝

Wa ka-ayyim min qaryatin hiya asyaddu quwwatam min qaryatikal latii akhrajatka, ahlaknaahum falaa naashira lahum.

13. Lan wus pira kehe Negara kang luwih kuwat tinimbang Negaranira Muhammad kang biyen nundhung ing sira. Para wargane Negara kang nundhung ing sira iku wus Ingsun tumpes, temahan ora ana kang bisa nulungi.

١٤ - أَفَمَنْ كَانَ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِنْ رَبِّهِ كَمَنْ زُيِّنَ لَهُ سُوءُ

14. Apa padha wong kang cecekelan hujjah (katerangan) kang cetha saka ngarsane Pa-

ngeraNe, yaiku Quraan, kaya syetan kang maesi laku ala dipaes-paesi kaya laku becik, lan banjur padha manut hawa nafsune?

عَمَلِهِ وَاتَّبَعُوٓا أَهْوَآءَهُمْ ۝

Afaman kaana 'alaa bayyinatim mir-rabbihii kaman zuyyina lahuu suu-u 'amalihii wattaba'uu ahwaa-ahum.

15. Mungguh pepindhan sesifatane Suwarga, kang dijanjekake marang wong kang padha taqwa, kang ing kono ana kaline warna-warna, ana kang mili banyu tanpa nganggo owah rasane, ana kang mili powan kang ora malih rasane, lan ana kang mili sajeng, enak rasane lan migunani tumrap wong kang ngombe, lan ana maneh kang mili madu kang resik. Wong ahli Suwarga padha kaparingan sawarnaning woh-wohan, lan padha oleh pangapura saka Pangerane. Apa padha wong kang oleh kani'mataning Suwarga, karo wong kang langgeng ana ing Neraka, sarta diombeni wedang panas mulak-mulak, kang nuli pedhot ususe?

١٥- مَّثَلُ ٱلْجَنَّةِ ٱلَّتِى وُعِدَ ٱلْمُتَّقُونَ ۖ فِيهَآ أَنْهَٰرٌ مِّن مَّآءٍ غَيْرِ ءَاسِنٍ ۖ وَأَنْهَٰرٌ مِّن لَّبَنٍ لَّمْ يَتَغَيَّرْ طَعْمُهُۥ ۖ وَأَنْهَٰرٌ مِّنْ خَمْرٍ لَّذَّةٍ لِّلشَّٰرِبِينَ ۖ وَأَنْهَٰرٌ مِّنْ عَسَلٍ مُّصَفًّى ۖ وَلَهُمْ فِيهَا مِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ وَمَغْفِرَةٌ مِّن رَّبِّهِمْ ۖ كَمَنْ هُوَ خَٰلِدٌ فِى ٱلنَّارِ وَسُقُوا۟ مَآءً حَمِيمًا فَقَطَّعَ أَمْعَآءَهُمْ ۝

Matsalul jannatil latii wu'idal muttaquuna, fiihaa anhaarum mim maa-in ghairi aasinin, wa anhaarum mil-labanil lam yataghayyar tha'muhuu, wa anhaarum min khamril ladzdzatil lisy-syaribiina, wa anhaarum min 'amalim mushaffaa, walahum fiihaa min kullits tsamaraati wa maghfiratum mir-rabbihim, kaman huwa khaalidun finnaari wasuquu maa-an jamiiman faqaththa'a am'aa-ahum.

16. Lan sawenehe wong kafir ana kang angrungokake sesorahira Muhammad, sahengga yen dheweke mundur saka ngarsanira, banjur ngucap marang wong kang duwe kawruh, para Sekabat: "Apa kang diucapake iki mau?". Wong kang mangkono iku atine wus diecap dening Allah, dheweke nuli padha nurut ing hawa nafsune.[920]

١٦- وَمِنْهُم مَّن يَسْتَمِعُ إِلَيْكَ حَتَّىٰٓ إِذَا خَرَجُوا۟ مِنْ عِندِكَ قَالُوا۟ لِلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ مَاذَا قَالَ ءَانِفًا ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ طَبَعَ ٱللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ وَٱتَّبَعُوٓا۟ أَهْوَآءَهُمْ ۝

Wa minhum may yastami'u ilaika, hattaa idzaa kharajuu min 'indika qaaluu lilladziina uutul 'ilma maadzaa qaala aanifaa, ulaa-ikal ladziina thaba'allaahu 'alaa quluubihim wattaba'uu ahwaa-ahum.

920) Tiyang munafik (mangro tingal) punika kadhang-kala sami andhatengi majlis penyuluhan Agami Islam ingkang langsung dipun slirani Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. pribadi. Sasampunipun bibaran, tetiyang munafik wau sami wawancara kaliyan para Sekabat ingkang linangkung ing kawruh, sarana tetembungan sajak ambodhoni nanging ngremehaken: "Muhammad wau punika ngendikan sesorah punapa?". Inggih makaten punika tiyang ingkang katutup manahipun lan kalimput ing karsa, cipta lan rasa ingkang sarwa munafik!

17. Dene wong kang padha oleh pituduh, Allah paring wuwuh pituduHe, sarta paring weruh kalakuan kang anjalari diparingi ganjaraning taqwa ing Allah.

١٧- وَالَّذِيْنَ اهْتَدَوْا زَادَهُمْ هُدًى وَّاٰتٰهُمْ تَقْوٰىهُمْ ۝

WAlladziinahtadau zaadahum hudaw wa aataahum taqwaahum.

18. Mula, wong-wong kafir iku ora padha ngenteni, kajaba dina Qiyamat kang praptane dumrojog tanpa larapan. Satemene tetengere dina Qiyamat wus padha kelakon. Manawa dina Qiyamat wus kalakon teka, ing kono adoh banget elinge wong-wong iku bisa migunani marang awake.

١٨- فَهَلْ يَنْظُرُوْنَ اِلَّا السَّاعَةَ اَنْ تَاْتِيَهُمْ بَغْتَةً ۚ فَقَدْ جَآءَ اَشْرَاطُهَا ۚ فَاَنّٰى لَهُمْ اِذَا جَآءَتْهُمْ ذِكْرٰىهُمْ ۝

Fahal yanzhuruuna illas saa'ata an-ta'tiyahum baghtatan faqad jaa-a asy-raathuhaa, fa-annaa lahum idzaa jaa-at-hum dzikraahum.

19. Sira mangertiya Muhammad!, satemene ora ana Pangeran kang sejati, kajaba mung Allah piyambak, lan sira nyuwuna ing pangapuraNe tumrap dosanira dhewe, lan dosane para wong kang padha Mu'min lanang lan wadon. Allah nguningani sira kabeh ing wektune sira pinuju nyambut gawe, lan nalika sira wus padha mapan ana ing lemekira.

١٩- فَاعْلَمْ اَنَّهٗ لَآ اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَاسْتَغْفِرْ لِذَنْۢبِكَ وَلِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنٰتِ ۗ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ مُتَقَلَّبَكُمْ وَمَثْوٰىكُمْ ۝

Fa'lam annahuu laa ilaaha illallaahu wastaghfir lidzambika wa lilmu'miiina wal mu'minaat, wallaahu ya'lamu mutaqallabakum wa matswaakum.

Ancaman tumrape wong munafik lan wong murtad.

20. Wong-wong Mu'min padha ngucap: "mBok hiya ana surat dhawuh perang tumurun!". Sabanjure nalika wus tumurun surat andhawuhake kenceng (disiplin) tumrap perang, ing kono sira Muhammad andeleng wong-wong kang atine ana lelarane, padha melerok marang sira, kaya plerokane wong klenger kang ambacut mati! Allah bakal anyedhakake wong iku marang lalakon kang anggethingake.

٢٠- وَيَقُوْلُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَوْلَا نُزِّلَتْ سُوْرَةٌ ۚ فَاِذَآ اُنْزِلَتْ سُوْرَةٌ مُّحْكَمَةٌ وَّذُكِرَ فِيْهَا الْقِتَالُ ۙ رَاَيْتَ الَّذِيْنَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ يَّنْظُرُوْنَ اِلَيْكَ نَظَرَ الْمَغْشِيِّ عَلَيْهِ مِنَ الْمَوْتِ ۗ فَاَوْلٰى لَهُمْ ۝

Wa yaquululladziina aamanuu laulaa nuzzzilat suuratun, fa-idzaa unzilat suuratum muhkamatuw wa dzukira fiihal qitaal, ra-aitalladziina fii quluubihim maradhuy yanzhuruuna ilaika nazharal magh-syiyyi 'alaihi minal maut, fa-aulaa lahum.

21. Benere harak banjur ngestokake ta'at parentah, lan padha matur becik. Manawa

٢١- طَاعَةٌ وَّقَوْلٌ مَّعْرُوْفٌ ۚ فَاِذَا عَزَمَ الْاَمْرُ ۚ فَلَوْ

wus ana dhawuh kang kenceng, samungguha wong mau banjur gelem angestokake ndherek marang Allah, mesthine luwih becik tumrap awake.

صَدَقُوا اللّٰهَ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ ۝

Thaa'atuw wa qaulum ma'ruufun, faidzaa 'azamal amru, falau shadaqullaaha lakaana khairal lahum.

22. Allah nguwatirake ing sira kabeh, manawa sira padha kuwasa banjur padha malengos saka iman, tur gawe rusak ana ing Bumi, lan medhot paseduluran.

فَهَلْ عَسَيْتُمْ اِنْ تَوَلَّيْتُمْ اَنْ تُفْسِدُوْا فِى الْاَرْضِ وَتُقَطِّعُوْٓا اَرْحَامَكُمْ ۝

Fahal 'asaitum in tawallaitum an tufsiduu fil ardhi wa tuqaththi'uu arhaamakum.

23. Wong kang mangkono iku dila'nat dening Allah, Allah ambudhegake lan micakake pandelenge wong iku kabeh.

اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ لَعَنَهُمُ اللّٰهُ فَاَصَمَّهُمْ وَاَعْمٰٓى اَبْصَارَهُمْ ۝

Ulaa-ikal ladziina la'anahumullaahu faashammahum wa a'maa abshaarahum.

24. Apa dheweke iku ora padha nalar-nalar isining Quraan, apa atine wus digembok?

اَفَلَا يَتَدَبَّرُوْنَ الْقُرْاٰنَ اَمْ عَلٰى قُلُوْبٍ اَقْفَالُهَا ۝

Afalaa yatadabbaruunal qur-aana am 'alaa quluubin aqfaaluhaa.

25. Satemene wong-wong kang padha bali kafir, sawuse pituduhing Allah, nyata wong iku wus dimayarake dening syetan tambah sumangate tumindak dosa, lan sugih gagasan kang ngayawara!

اِنَّ الَّذِيْنَ ارْتَدُّوْا عَلٰٓى اَدْبَارِهِمْ مِّنْۢ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ الْهُدَى ۙ الشَّيْطٰنُ سَوَّلَ لَهُمْ وَاَمْلٰى لَهُمْ ۝

Innalladziinartadduu 'alaa adbaarihim mim ba'di maa tabayyana lahumul hudasy syaithaanu sawwala lahum, wa amlaa lahum.

26. Kang mangkono iku ora liya jalaran satemene dheweke padha ngucap marang wong-wong Yahudi kang gething marang Wahyu kang diturunake dening Allah: "Aku kabeh bakal manut sawatara parentahmu". Allah tansah Ngudaneni wadine wong iku kabeh.[921]

ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ قَالُوْا لِلَّذِيْنَ كَرِهُوْا مَا نَزَّلَ اللّٰهُ سَنُطِيْعُكُمْ فِىْ بَعْضِ الْاَمْرِ ۚ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ اِسْرَارَهُمْ ۝

921) Artosipun Allah tansah priksa sadaya gagasan lan tumindak ingkang dipun sidhemi memengsahan kaliyan Nabi Muhammad s.a.w. lan kaum Mislimin.

Dzaalika bi-annahum qaaluu lilladziina karihuu maa nazzalallaahu sanuthii'u-kum fii ba'dhil amri, wallaahu ya'lamu israarahum.

27. Kapriye kahanane wong-wong iku manawa Malaikat anjabut nyawane, lan padha anggebugi saka ing ngarep lan burine ing Neraka.

٢٧- فَكَيْفَ إِذَا تَوَفَّتْهُمُ الْمَلٰٓئِكَةُ يَضْرِبُونَ وُجُوهَهُمْ وَأَدْبَارَهُمْ ۝

Fakaifa idzaa tawaffathumul malaa-ikatu yadhribuuna wujuuhahum wa adbaarahum.

28. Kang mangkono mau jalaran dheweke wus padha nindakake barang kang binendon dening Allah, sarta gething marang karidhaning Allah, mulane Allah banjur nglebur ganjaran amal-amale wong-wong mau.

٢٨- ذٰلِكَ بِأَنَّهُمُ اتَّبَعُوا مَآ أَسْخَطَ اللَّهَ وَكَرِهُوا رِضْوَانَهُ فَأَحْبَطَ أَعْمَالَهُمْ ۝

Dzaalika bi-annahumut taba'uu maa as-khathallaaha wa karihuu ridhwaanahuu fa-ahbatha a'maalahum.

29. Utawa, apa wong kang padha duwe lelara ing atine, padha duwe kira yen Allah ora bakal ngetokake uneg-unege drengki lan sreine?

٢٩- أَمْ حَسِبَ الَّذِينَ فِي قُلُوبِهِمْ مَرَضٌ أَنْ لَنْ يُخْرِجَ اللَّهُ أَضْغَانَهُمْ ۝

Am hasibal ladziina fii quluubihim maradhun allay yukhrijallaahu adhghaanahum.

30. Lan samungguha ana kaparengIngsun, sira Ingsun weruhake wong kang padha lara atine, sira mesthi banjur bisa sumurup wong iku saka tetengere, apa dene sira bisa weruh ana kedaling lesane, Allah Maha Uninga amalira kabeh.

٣٠- وَلَوْ نَشَآءُ لَأَرَيْنَاكَهُمْ فَلَعَرَفْتَهُمْ بِسِيمَاهُمْ وَلَتَعْرِفَنَّهُمْ فِي لَحْنِ الْقَوْلِ وَاللَّهُ يَعْلَمُ أَعْمَالَكُمْ ۝

Walau nasyaa-u la-arainaakahum fala-'araftahum bisiimaahum, wa lata'rifannahum fii lahnil qauli, wallaahu ya'lamu a'maalakum.

31. Yekti Ingsun bakal nyoba ing sira kabeh nganti Ingsun Nguningani kancanira kang padha perang, lan kang sabar, lan Ingsun Uninga carita lalakonira.

٣١- وَلَنَبْلُوَنَّكُمْ حَتّٰى نَعْلَمَ الْمُجٰهِدِينَ مِنْكُمْ وَالصّٰبِرِينَ وَنَبْلُوَا أَخْبَارَكُمْ ۝

Walanabluwannakum hattaa na'lamal mujaahidiina minkum washshaabiriina wa nabluwa akhbaarakum.

32. Sanyata wong-wong kafir, lan nyegah para manungsa saka Agamaning Allah, lan

٣٢- إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَصَدُّوا عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ وَ

padha nyulayani Rasulullah sawuse oleh katerangan pituduHe Allah, wong-wong iku ora babar pisan andadekake kamadharataning Allah sathithik-thithika, Allah kang bakal nglebur amale wong-wong iku kabeh.

شَآقُّوا الرَّسُوْلَ مِنْ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ الْهُدٰى ۙ لَنْ يَّضُرُّوا اللّٰهَ شَيْـًٔا ۗ وَسَيُحْبِطُ اَعْمَالَهُمْ ۝

Innalladziina kafaruu wa shadduu 'an sabiilillaahi wa syaaqqur rasuula mim ba'di maa tabayyana lahumul hudaa lay yadhurrullaaha syai-aa, wasayuhbithu a'maalahum.

33. He para wong kang padha Mu'min! sira padha ngabektia lan ndhereka Rasulullah, lan sira aja gawe rusake ganjaran amal-amalira kabeh.

٣٣- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَطِيْعُوا اللّٰهَ وَاَطِيْعُوا الرَّسُوْلَ وَلَا تُبْطِلُوْٓا اَعْمَالَكُمْ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu athii-'ullaaha wa athii'ur rasuula walaa tub-thiluu a'maalakum.

34. Satemene wong-wong kafir, lan nyegah para manungsa saka AgamaNe Allah, wong iku banjur mati isih netepi kekafirane, kang iku Allah ora pisan-pisan bakal ngapura marang wong iku kabeh.

٣٤- اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ثُمَّ مَاتُوْا وَهُمْ كُفَّارٌ فَلَنْ يَّغْفِرَ اللّٰهُ لَهُمْ ۝

Innal ladziina kafaruu wa shadduu 'an sabiilillaahi tsumma maatuu wahum kuffaarun falay yaghfirallaahu lahum.

35. He wong Mu'min!, sira aja apes atinira lan ngajak dhame karo wong kafir, sira kang bakal ungguh juritira! Allah kang anartani sira kabeh, lan ora bakal ngelongi ganjarane amal-amalira.

٣٥- فَلَا تَهِنُوْا وَتَدْعُوْٓا اِلَى السَّلْمِ ۖ وَاَنْتُمُ الْاَعْلَوْنَ ۗ وَاللّٰهُ مَعَكُمْ وَلَنْ يَّتِرَكُمْ اَعْمَالَكُمْ ۝

Falaa tahinuu wa tad'uu ilas salmi wa antumul a'launa wallaahu ma'akum walay yatirakum a'maalakum.

36. Sanyata kauripan ana ing Donya iku mung dedolanan sarta lelahanan. Manawa sira padha iman lan taqwa ing Allah, Allah bakal paring ganjaran ing sira kabeh, Allah ora mundhut bandha-bandhanira kabeh.

٣٦- اِنَّمَا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا لَعِبٌ وَّلَهْوٌ ۗ وَاِنْ تُؤْمِنُوْا وَتَتَّقُوْا يُؤْتِكُمْ اُجُوْرَكُمْ وَلَا يَسْـَٔلْكُمْ اَمْوَالَكُمْ ۝

Innamal hayaatud dunyaa la'ibuw wa lahwun, wa-in tu'minuu wa tattaquu yu'tikum ujuurakum walaa yas-alkum amwaalakum.

37. Jalaran, manawa Allah ngersakake mundhut bandhanira kalawan mathet, mesthi sira banjur padha medhit, lan banjur kawetu panguneg-unegira kang drengki srei.

٣٧- اِنْ يَّسْـَٔلْكُمُوْهَا فَيُحْفِكُمْ تَبْخَلُوْا وَيُخْرِجْ اَضْغَانَكُمْ ۝

Iy-yas-alkumuuhaa fayuhfikum tabkhaluu wa yukhrij adh-ghaanakum.

٣٨- هَآ أَنتُمْ هَٰٓؤُلَآءِ تُدْعَوْنَ لِتُنفِقُوا۟ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ۖ فَمِنكُم مَّن يَبْخَلُ ۖ وَمَن يَبْخَلْ فَإِنَّمَا يَبْخَلُ عَن نَّفْسِهِۦ ۚ وَٱللَّهُ ٱلْغَنِىُّ وَأَنتُمُ ٱلْفُقَرَآءُ ۚ وَإِن تَتَوَلَّوْا۟ يَسْتَبْدِلْ قَوْمًا غَيْرَكُمْ ثُمَّ لَا يَكُونُوٓا۟ أَمْثَٰلَكُم ﴿٣٨﴾

Haa-antum haa-ulaa-i tud'auna litunfiquu fii sabiilillaah, faminkum may yabkhalu, wamay yabkhal fa-innamaa yabkhalu 'an nafsih, wallaahul ghaniyyu wa antumul fuqaraa-u, wa-in tawallau yastahdil qauman ghairakum tsumma laa yakuunuu amtsaalakum.

38. Padha elinga!, sira kabeh wus diajak andarmani Agamaning Allah, ing kono saweneh kancanira medhit, satemene dheweke iku sajatine medhiti tumuju awake dhewe, Allah kang Maha Sugih, malah sira kabeh iku kang fekir mbutuhake Pangeran. Manawa sira padha malengos, Allah bakal angganti sira kabeh kalawan kaum liyane, kang ora kaya dhapurmu kabeh.

***)

***) Anyuraos intisari lan interkorelasi (sesambetan ingkang manunggil ancas tujuan) ing antawisipun surat Muhammad lan surat Al Fat-h (Kamenangan) kirang langkung makaten: 1. Wonten surat Al Fat-h katerangaken Kamenangan Agung lumebetipun Kanjeng Nabi s.a.w. lan Ummat Islam dhateng Negari Mekkah, sarana suwasana dhame. Suwanten ingkang banter yayah nengker ing Langit, namung suwantenipun Ummat Islam: "Labbaik, Allahumma Labbaik, Labbaika laa syariika laka Labbaik. Innal bamda wan-ni'mata laka walmulka, Laa syariika laka", ingkang sapunika wonten Rukun utawi Manasik Hajji dipun wastani maos Talbiyah. Saking kamenangan Futuh-Makkah punika, Rasulullah s.a.w. lan Ummat Islam, sarana pitulungipun Allah, salebetipun 23 tahun, wiwit Jumeneng Rasul, Islam sampun sumiyar dumugi Persi, Rumawi Wetan, lan Mesir (mirsanana Tarikh Islam). 2. Ing surat Muhammad kadhawuhaken supados tiyang Islam sering nenuwun lan tobat ing Allah, dene wonten ing surat Al Fat-h Gusti Allah janji dhumateng tetiyang Mu'min lan amal shaleh, badhe pinaringan pangaksama lan nugraha! 3. Engeta salamining gesang, bilih "Jer basuki mawa beya!", tegesipun ngrekaos rumiyin, nembe ngraosaken kani'matan, sarana idzin lan pitulungipun Allah, Rasulullah s.a.w. ugi makaten, mangsah perang rumiyin, bakda Futuh Makkah, nembe ambangun masyarakat wonten swasana dhame!

AL FAT-H (KAMENANGAN)

Surat kaping 48 : 29 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake ana ing paran nalika Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. kundur saka perjanjian dhame Hudaibiyah. Tumurun sawuse surat Al Jum'ah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Sanyata Ingsun wus kalakon ambedhah Negara Mekkah kalawan Kamenangan kang nyata, dumunung Sih palimirmaningsun marang sira Muhammad.

١- اِنَّا فَتَحْنَا لَكَ فَتْحًا مُّبِيْنًا ۝

Innaa fatahnaa laka fat-ham mubiinaa

2. Supaya Allah paring pangapura dosanira kang dhisik lan kang keri, sarta anyampurnakake ni'mat peparinging Allah marang sira, apa dene anuduhake sira ngambah dalan kang jejeg.

٢- لِّيَغْفِرَ لَكَ اللّٰهُ مَا تَقَدَّمَ مِنْ ذَنْۢبِكَ وَمَا تَاَخَّرَ وَيُتِمَّ نِعْمَتَهٗ عَلَيْكَ وَيَهْدِيَكَ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ۝

Liyaghfira lakallaahu maa taqaddama min dzambika wamaa ta-akhkhara wa yutimma ni'matahuu 'alaika wa yahdiyaka shiraatham mustaqiimaa.

3. Lan supaya Allah paring pitulung kang Mulya, sarta oleh Kamenangan. [922]

٣- وَّيَنْصُرَكَ اللّٰهُ نَصْرًا عَزِيْزًا ۝

Wa yanshurakallaahu nashran 'aziizaa.

4. PanjenengaNe Allah kang anurunake katentreman ana ing atine wong-wong Mu'min, supaya tambah wuwuh imane kuwat

٤- هُوَ الَّذِيْٓ اَنْزَلَ السَّكِيْنَةَ فِيْ قُلُوْبِ الْمُؤْمِنِيْنَ لِيَزْدَادُوْٓا اِيْمَانًا مَّعَ اِيْمَانِهِمْ ۗ وَلِلّٰهِ جُنُوْدُ

922) Lumantar perjanjian Dhame Hudaibiyah (nami panggenan ingkang strategis) kabikak gapura agung wangsul lumebetipun ummat Islam ambedhah Negari Mekkah. Kamenangan punika ndadosaken sadaya kakuciwaning ummat Islam lan karugian-karugian saged katutup-kacekapan, sarta kalestantunanipun pangrembakaning Da'wah Islam tambah-tambah wiyar sumebaripun. Kadadosan wonten Tarikh Islam dipun namekaken Futuh Mekkah. (Mirsanana kitab Tarich Islam, anggitanipun almarhum Haji Umar Said Tjokroaminoto).

matumpa-tumpa. Allah kagungan wadyabala akeh kang sawega ana ing Langit lan Bumi, yaiku para Malaikat lan para wong Mu'min. Gusti Allah iku Maha Ngudaneni tur Maha Wicaksana.

السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ۝

Huwal ladzii anzalas sakiinata fii quluubil mu'miniina liyazdaaduu iimaanam ma'a iimaanihim, walillaahi junuudus samaawaati wal ardhi, wa kaanallaahu 'aliiman hakiimaa.

5. Mungguh hikmahe Allah andhawuhake perang iku, karsaNe arsa nglebokake para wong Mu'min lanang lan wadon ing Suwarga! kang ngisore ana kali-kaline mili, tur padha langgeng ana Suwarga kono. Apa dene Allah bakal nutupi alane wong-wong Mu'min mau. Kang mangkono iku mungguhing Allah ka-anggep Kabegjan Agung!

٥- لِّيُدْخِلَ الْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنٰتِ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا وَيُكَفِّرَ عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ ۗ وَكَانَ ذٰلِكَ عِنْدَ اللّٰهِ فَوْزًا عَظِيْمًا ۝

Liyudkhilal mu'miniina wal mu'minaati jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa wa yukaffira 'anhum sayyi-aatihim, wa kaana dzaalika 'indallaahi fauzan 'azhiimaa.

6. Lan maneh karsaning Allah arep nyiksa para wong munafik lanang lan wadon, lan para wong musyrik lanang lan wadon kang wus padha nyana ala marang Allah, dheweke bakal padha tampa giliran karusakan. Allah ambendoni wong iku kabeh, sarta paring la'nat, sateruse Allah nyawisake Neraka Jahanam marang wong-wong iku, yaiku sak ala-alaning panggonane bali.

٦- وَّيُعَذِّبَ الْمُنٰفِقِيْنَ وَالْمُنٰفِقٰتِ وَالْمُشْرِكِيْنَ وَالْمُشْرِكٰتِ الظَّاۤنِّيْنَ بِاللّٰهِ ظَنَّ السَّوْءِ ۗ عَلَيْهِمْ دَاۤئِرَةُ السَّوْءِ ۚ وَغَضِبَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ وَلَعَنَهُمْ وَاَعَدَّ لَهُمْ جَهَنَّمَ ۗ وَسَاۤءَتْ مَصِيْرًا ۝

Wa yu'adzdzibal munaafiqiina wal munaafiqaati wal musyrikiina wal musyrikaatizh zhaanniina billaahi zhannas sauu', 'alaihim daa-iratus sauu', wa ghadhiballaahu 'alaihim wa la'anahum wa a'adda lahum jahannam, wa saa-at mashiiraa.

7. Lan Allah kagungan wadyabala ana ing Langit lan Bumi, lan Allah iku Maha Mulya, tur Maha Wicaksana,

٧- وَلِلّٰهِ جُنُوْدُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ۝

Wa lillaahi junuudus samaawaati wal ardhi, wa kaanallaahu 'aziizan hakiimaa.

Mula bukane Bai'aturridhwan (janji prasetya ana sangisore uwit).

8. Sanyata Ingsun wus angutus sira Muhammad minangka dadi saksi besuk dina Qiyamat, dadi juru bebungah sarta juru pepeling.

٨- اِنَّاۤ اَرْسَلْنٰكَ شَاهِدًا وَّمُبَشِّرًا وَّنَذِيْرًا ۝

Innaa arsalnaaka syaahidaw wa mubasysyiraw wa nadziiraa.

٩- لِّتُؤْمِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ وَتُعَزِّرُوهُ وَتُوَقِّرُوهُ ۚ وَتُسَبِّحُوهُ بُكْرَةً وَأَصِيلًا ۝

Litu'minuu billaahi wa rasuulihii wa tu'azziruuhu wa tuwaqqiruuhu, wa tusabbihuuhu bukrataw wa ashiilaa.

9. Supaya sira padha iman marang Allah lan UtusaNe, padha mulyakna lan padha ngegungna, apa dene padha nyebuta ing Maha SuciNe Allah (i'badah) ing saben wayah esuk lan sore!

١٠- إِنَّ الَّذِينَ يُبَايِعُونَكَ إِنَّمَا يُبَايِعُونَ اللَّهَ ۚ يَدُ اللَّهِ فَوْقَ أَيْدِيهِمْ ۚ فَمَن نَّكَثَ فَإِنَّمَا يَنكُثُ عَلَىٰ نَفْسِهِ ۖ وَمَنْ أَوْفَىٰ بِمَا عَاهَدَ عَلَيْهُ اللَّهَ فَسَيُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا ۝

Innal ladziina yubaayi'uunaka innamaa yubaayi'uunallaah, yadullaahi fauqa aidiihim, faman nakatsa fa-innamaa yankutsu 'alaa nafsihii, waman aufaa bimaa 'aahada 'alaihullaaha fasayu'tiihi ajran 'azhiimaa.

10. Sanyata wong kang padha prasetya janji ana sangisore wit, janji prasetya marang sira Muhammad, iku prasasat janji prasetya marang Allah. AstaNe Allah ana sadhuwure tangane wong iku kabeh. Sing sapa ngrusak prasetyane, pangrusake bakal melarati marang awake dhewe, dene sing sapa nuhoni janji prasetyane marang Allah, Allah bakal maringi marang wong iku ganjaran kang agung!

Cacad gedhe tumrape wong kang wedi labuh Agama.

٢٠- سَيَقُولُ لَكَ الْمُخَلَّفُونَ مِنَ الْأَعْرَابِ شَغَلَتْنَا أَمْوَالُنَا وَأَهْلُونَا فَاسْتَغْفِرْ لَنَا ۚ يَقُولُونَ بِأَلْسِنَتِهِم مَّا لَيْسَ فِي قُلُوبِهِمْ ۚ قُلْ فَمَن يَمْلِكُ لَكُم مِّنَ اللَّهِ شَيْئًا إِنْ أَرَادَ بِكُمْ ضَرًّا أَوْ أَرَادَ بِكُمْ نَفْعًا ۚ بَلْ كَانَ اللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا ۝

11. Wong-wong Baduwi sanak-sanak padesan, kang padha kari ana omahe, oramelu budhal perang, bakal padha matur marang sira Muhammad: "Kula sadaya saweg ribet ngurus pendamelan, lan mikiraken brayat kula, kula mugi panjenengan suwunaken pangapunten!". Dheweke ngucapake kalawan lesane barang kang ora ana ing atine. Muhammad! sira dhawuha: "Sapa kang bisa nolak karsaNe Allah sathithik bae, saka sira kabeh, manawa PanjenengaNe ngarsakake sangsara marang sira, utawa ngarsakeke mulya ing sira. Sanyata Allah iku Maha Waspada marang barang kang sira lakoni. 923)

923) Dhuk nalika Rasulullah s.a.w. lan para Sekabat badhe lumebet Negari Mekkah, sarana upacara 'Umrah, ing tahun kadadosaning "Suluh Hudaibiyah" utawi Dhame Hudaibiyah, Rasulullah s.a.w. dhawuh ummat Islam ing padhusunan lan pareden supados sami ndherek Kanjeng Nabi s.a.w. ngampil "Panji Syahadatain" ginarebeg bhinayangkari sarana maos talbiyah. Kados pundi kasunyatanipun? Wonten sabagean tiyang ingkang ngaken Islam boten medal saking griya ndherek berjoang labuh Agami, alasan karibedan pandamelan, mikir brayat lan supados dipun do'aken Kanjeng Nabi s.a.w. supados Allah paring pangapunten ing kalepatanipun (boten disiplin ing perjoangan). Allah SWT dhawuh, bilih ginemipun tetiyang wau boten leres! Lan risiko punapa kawusananipun, katetepanipun Allah boten wonten ingkang saged ngalang-alangi!

Sayaquulu lakal mukhallafuuna minal a'raabi saghalatnaa amwaalunaa wa ahluunaa fastaghfir lanaa, yaquuluuna bialsinatihim maa laisa fii quluubihim, qul famay yamliku lakum minallaahi syai-an in araada bikum dharran au araada bikum naf'aa, bal kaanallaahu bimaa ta'maluuna khabiiraa.

12. Ananging sira malah nyana manawa Rasulullah lan para wong Mu'min ora bali mulih saka perjoangan marang ahline salawase. Panyana kang mangkono mau wus dipaesake dening syetan ana jeroning atinira, lan sira padha duwe panyana ala, lan sira padha tetep dadi golongan kang padha rusak [924]

١٢- بَلْ ظَنَنْتُمْ اَنْ لَّنْ يَّنْقَلِبَ الرَّسُوْلُ وَالْمُؤْمِنُوْنَ
اِلٰٓى اَهْلِيْهِمْ اَبَدًا وَّزُيِّنَ ذٰلِكَ فِيْ قُلُوْبِكُمْ وَ
ظَنَنْتُمْ ظَنَّ السَّوْءِ ۚ وَكُنْتُمْ قَوْمًا ۢ بُوْرًا ۝

Bal zhanantum allay yanqalibar rasuulu wal mu'minuuna ilaa ahliihim abadaw wa zuyyina dzaalika fii quluubikum wa zhanantum zhannas sauu', wa kuntum qaumam buuraa.

13. Lan sing sapa wonge ora iman marang Allah lan UtusaNe, satemene Ingsun wus anyawisake Neraka Sa'ir kanggo wong kang padha kafir.

١٣- وَمَنْ لَّمْ يُؤْمِنْ بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ فَاِنَّآ اَعْتَدْنَا
لِلْكٰفِرِيْنَ سَعِيْرًا ۝

Wamallam yu'mim billaahi wa rasuulihii fa-innaa a'tadnaa lilkaafiriina sa'iiraa.

14. Allah kang kagungan Kratoning Langit lan Bumi, PanjenengaNe karsa paring pangapura marang wong kang dadi kaparenging karsaNe lan niksa marang wong kang dikarsakake. Allah iku rena paring pangaksama tur Maha Asih.

١٤- وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۭ يَغْفِرُ لِمَنْ يَّشَاۗءُ
وَيُعَذِّبُ مَنْ يَّشَاۗءُ ۭ وَكَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ۝

Wa lillaahi mulkus samaawaati wal ardh, yaghfiru limay yasyaa-u wa yu'adzdzibu may yasyaa-u, wa kaanallaahu ghafuurar rahiimaa.

924) Alasan persabenipun tetiyang wau pancen goroh. Sajatosipun tetiyang wau gadhah panyana awon, bilih Rasulullah lan ummat Islam ingkang badhe lumebet sarana upacara 'Umrah ing Mekkah punika badhe katumpes dipun pejahi sadaya dening wadyabala Quraisy kafirun. Dening syetan dipun sebul dados isue politik Durna ing mentalipun tiyang-tiyang kafir Quraisy. Ing wusana wadyabala kafir sami kekes kados dipun lolosi balungipun, boten saged ngalang-alangi lumebetipun bergada-bergada 'Umrah ingkang asikep dhame saking wadyabala ummat Islam. (Menawi para sutrisna nate mirsani film "Message" utawi "Arrisaalah" utawi "Kautsipun Kanjeng Nabi s.a.w."lelampahan kasebat saged kasumurupan sarana fisual).

15. Wong-wong Baduwi sanak-sanak padesan, kang padha kari ana omahe, ora melu budhal perang, bakal padha ngucap nalika sira padha budhal arep nglumpukake jarahan perang: "Aku iki sejatine manut sakarepmu bae melu budhal karo sira! (perlu njaluk bagean jarahan)". Karepe wong iku sedya ngowahi janji prasetya ing Allah. Muhammad! s dhawuha: "Sira aja melu aku! mangkono iku terang saka dhawuhing Allah sadurunge kawetu panembungira kabeh". Wong-wong iku bakal matur: "Menawi makaten, panjenengan punika sami drengki srehi dhateng kula!". Sanyata wong-wong iku ora padha duwe pangertian kajaba mung sethithik".

١٥- سَيَقُولُ الْمُخَلَّفُونَ إِذَا انْطَلَقْتُمْ إِلَىٰ مَغَانِمَ لِتَأْخُذُوهَا ذَرُونَا نَتَّبِعْكُمْ ۖ يُرِيدُونَ أَنْ يُبَدِّلُوا كَلَامَ اللَّهِ ۚ قُلْ لَنْ تَتَّبِعُونَا كَذَٰلِكُمْ قَالَ اللَّهُ مِنْ قَبْلُ ۖ فَسَيَقُولُونَ بَلْ تَحْسُدُونَنَا ۚ بَلْ كَانُوا لَا يَفْقَهُونَ إِلَّا قَلِيلًا ۝

Sayaquulul mukhallafuuna idzan thalaqtum ilaa maghaanima lita'khudzuuhaa dzaruunaa nattabi'ukum, yuriiduuna ayyubaddiluu kalaamallaah, qul lan tattabi'uuna kadzaalikum qaala llaahu min qablu, fasayaquuluuna bal tahsuduunanaa, bal kaanuu laa yafqahuuna illaa qaliilaa.

16. Muhammad! sira dhawuha marang wong-wong Baduwi, sanak-sanak padesan, kang ora melu budhal perang: "Sira bakal padha didhawuhi mangsah perang karo wong kafir kang duwe kakuwatan luwih santosa, sira perangi wong-wong iku, utawa nganti padha gelem ngrasuk Islam. Manawa sira padha angestokake, Allah bakal maringi ganjaran kang becik marang sira kabeh, dene manawa sira malengos kaya anggonira malengos biyen, Allah bakal matrapake siksa kalawan siksa kang nglarani banget".

١٦- قُلْ لِلْمُخَلَّفِينَ مِنَ الْأَعْرَابِ سَتُدْعَوْنَ إِلَىٰ قَوْمٍ أُولِي بَأْسٍ شَدِيدٍ تُقَاتِلُونَهُمْ أَوْ يُسْلِمُونَ ۖ فَإِنْ تُطِيعُوا يُؤْتِكُمُ اللَّهُ أَجْرًا حَسَنًا ۖ وَإِنْ تَتَوَلَّوْا كَمَا تَوَلَّيْتُمْ مِنْ قَبْلُ يُعَذِّبْكُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ۝

Qul lil-mukhallafiina minal a'raabi satud-'auna ilaa qaumin ulii ba'sin syadiidin tuqaatiluu nahum au yuslimuun, fa-in tuthii'uu yu'tikumullaahu ajran hasanaa, wa-in tatawallau kamaa tawallaitum min qablu yu'adzdzibkum 'adzaaban aliimaa.

17. Tumrap wong wuta, wong pincang, lan wong lara, iku ora dosa, anggone ora ndherek budhal perang, sing sapa wonge manut miturut ing Allah lan UtusaNe, Allah bakal nglebokake wong-wong mau ana ing Suwarga kang ngisore ana Bengawane mili, lan sing sapa malengos, PanjenengaNe bakal nyiksa ing dheweke kalawan siksa kang nglarani.

١٧- لَيْسَ عَلَى الْأَعْمَىٰ حَرَجٌ وَلَا عَلَى الْأَعْرَجِ حَرَجٌ وَلَا عَلَى الْمَرِيضِ حَرَجٌ ۗ وَمَنْ يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ يُدْخِلْهُ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۖ وَمَنْ يَتَوَلَّ يُعَذِّبْهُ عَذَابًا أَلِيمًا ۝

Laisa 'alal a'maa harajuw walaa 'alal a'raaji harajuw walaa 'ala! mariidhi harajun, wamay yuthi'illaaha wa rasuulahuu yud-khilhu jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru, wamay yatawalla yu-'adzdzibhu 'adzaaban aliimaa.

Allah maringake karidla Ne marang wong kang ndherek Bai'aturridhwan, lan bakal menang.

18. Sayekti Allah maringake KaridhaNe marang para wong Mu'min anggone wus padha janji prasetya marang sira Muhammad, ana ing sangisore wit-witan. Allah Ngudaneni apa kang ana ing atine, arep padha netepi ing janji. Allah banjur nurunake katentremaning jiwa marang wong iku kabeh, lan PanjenengaNe paring ganjaran, bisa ambedhah Negara, sarana perang (Khaibar) menang kalawan waktu sadhela.[925]

١٨- لَقَدْ رَضِيَ اللّٰهُ عَنِ الْمُؤْمِنِيْنَ اِذْ يُبَايِعُوْنَكَ تَحْتَ الشَّجَرَةِ فَعَلِمَ مَا فِيْ قُلُوْبِهِمْ فَاَنْزَلَ السَّكِيْنَةَ عَلَيْهِمْ وَاَثَابَهُمْ فَتْحًا قَرِيْبًا ۙ

Laqad radhiyallaahu 'anil mu'miniina idz yubaayi'uunaka tahtasy syajarati fa'alima maa fii quluubihim fa-anzalas sakiinata 'alaihim wa atsaabahum fathan qariibaa.

19. Lan uga padha kaparingan jarahan perang kang akeh, Allah iku Maha Mulya, tur Maha Wicaksana!

١٩- وَّمَغَانِمَ كَثِيْرَةً يَّاْخُذُوْنَهَا ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ۝

Wa maghaanima katsiiratay ya'khudzuunahaa, wa kaanallaahu 'aziizan hakiimaa.

20. Allah anjanji marang sira kabeh, sira bakal kaparingan restu bisa ngukup jarahan kang akeh, Allah nuli nglulusake janji iku kalawan kukuh bakuh, lan PanjenengaNe nyegah tangan pokale manungsa kang sumeja ngrusak, supaya xira syukur, sarta dadi tandha yekti nyata tumrap wong-wong Mu'min, Allah kang nuduhake sira ngambah dalan kang jejeg!

٢٠- وَعَدَكُمُ اللّٰهُ مَغَانِمَ كَثِيْرَةً تَاْخُذُوْنَهَا فَعَجَّلَ لَكُمْ هٰذِهٖ وَكَفَّ اَيْدِيَ النَّاسِ عَنْكُمْ وَلِتَكُوْنَ اٰيَةً لِّلْمُؤْمِنِيْنَ وَيَهْدِيَكُمْ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ۝

Wa 'adakumullaahu maghaanima katsiiratan ta'khudzuunahaa fa'aijjala lakum haadzihii wakaffa aidiyan-naasi 'ankum wa litakuuna aayatal lil-mu'miniina wa yahdiyakum shiraatham mustaqiimaa.

21. Lan uga PanjenegaNe wus anjanjekake kamenangan-kamenangan liya, ing Negara-negara kang sira durung bisa nguwasani, ananging Allah wus anamtokake bisa nguwasani kanggo sira, mesthi bakal kelakon, Allah iku Maha Kuwasa ing angatase kabeh barang.

٢١- وَّاُخْرٰى لَمْ تَقْدِرُوْا عَلَيْهَا ۗ قَدْ اَحَاطَ اللّٰهُ بِهَا ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرًا ۝

Wa ukhraa lam taqdiruu 'alaihaa qad akhathallaahu bihaa, wa kaanallaahu 'alaa kulli syai-in qadiiraa.

---

925) Sasampunipun Allah paring kamenangan ing Dhame Hudaibiyah, Allah paring malih kamenangan ing palagan Khaibar, beteng pertahananipun tiyang Yahudi ingkang kaseser perang Khandak, ler wetan saking Madinah watawis 100 mil, inggih punika kaum Yahudi ingkang ageng piyambak wadyabalanipun lan sugih tur mirantos pamarentahipun. Kamenanganipun ummat Islam kados ingkang kasebat ing ayat : 19 — 22.

22. Manawa wong-wong kafir wani merangi ing sira kabeh, mesthi banjur ninggal gelanggang colong playu, sarta ora ana kanca kang bisa nulungi.

٢٢- وَلَوْ قٰتَلَكُمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَوَلَّوُا الْاَدْبَارَ ثُمَّ لَا يَجِدُوْنَ وَلِيًّا وَّلَا نَصِيْرًا ۝

Walau qaatalakumul ladziina kafaruu lawallawul adbaara tsumma laa yajiduuna waliyyaw walaa nashiiraa.

23. Iku wus dadi Sunnatullah, hukum 'alam kersaning Allah, kang wus kelakon wiwit biyen mula, lan sira ora bakal nemu Sunnatullah iku diowahi!

٢٣- سُنَّةَ اللّٰهِ الَّتِيْ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلُ ۚ وَلَنْ تَجِدَ لِسُنَّةِ اللّٰهِ تَبْدِيْلًا ۝

Sunnatallaahil latii qad khalat min qablu walan tajida lisunnatillaahi tabdiilaa.

24. PanjenengaNe wus nyegah tangan pokale wong-wong kafir saka sira kabeh, lan wus nyegah tanganira saka wong-wong kafir, yaiku nalika sira wus padha lumebu ing Negara Mekkah lan wus oleh kamenangan ingatase wong kafir, Allah iku ingkang Mriksani sabarang kang padha sira lakoni.

٢٤- وَهُوَ الَّذِيْ كَفَّ اَيْدِيَهُمْ عَنْكُمْ وَاَيْدِيَكُمْ عَنْهُمْ بِبَطْنِ مَكَّةَ مِنْۢ بَعْدِ اَنْ اَظْفَرَكُمْ عَلَيْهِمْ ۚ وَكَانَ اللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرًا ۝

Wa huwal ladzii kaffa aidiyahum 'ankum wa aidiyakum 'anhum bibathni makkata mim ba'di an azhfarakum 'alaihim wa kaanallaahu bimaa ta'maluuna bashiiraa.

25. Dheweke iku wong-wong kafir kang padha nyegah ing sira lumebu ing Masjidilharam, lan nyegah kewan hadiyah utawa Qurban, supaya aja ditekakake ing panggonan sinembelehe Qurban. Ing saupama Negara kono wus ora ana wong Mu'min lanang lan wadon kang sira ora padha mangerti, yekti Allah ora nyegah ing antaranira lan wong-wong kafir mau; jalaran manawa sira merangi wong-wong Quraisy, bisa kelakon sira mateni wong Mu'min, sabab saka sira ora mangerti, satemah sira banjur keduwung tumrap tindakira. Sababe Allah nglebokake wong kang dadi kaparenging karsaNe ana ing rahmaTe.

٢٥- هُمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْكُمْ عَنِ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ وَالْهَدْيَ مَعْكُوْفًا اَنْ يَّبْلُغَ مَحِلَّهٗ ۭ وَلَوْلَا رِجَالٌ مُّؤْمِنُوْنَ وَنِسَاۗءٌ مُّؤْمِنٰتٌ لَّمْ تَعْلَمُوْهُمْ اَنْ تَطَـــُٔوْهُمْ فَتُصِيْبَكُمْ مِّنْهُمْ مَّعَرَّةٌۢ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۚ لِيُدْخِلَ اللّٰهُ فِيْ رَحْمَتِهٖ مَنْ يَّشَاۗءُ ۚ لَوْ تَزَيَّلُوْا لَعَذَّبْنَا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْهُمْ عَذَابًا اَلِيْمًا ۝

Humul ladziina kafaruu wa shadduukum 'anil masjidil haraami wal had-ya ma'kuufan ay-yablugha mahillah, wa laulaa rijaalum mu'minuuna wa nisaa-um mu'minaatul lam ta'lamuu hum an tathauuhum fatushiibakum minhum ma'arratum bighairi 'ilmin, liyud-khilallaahu fii rahmatihii may yasyaa-u lau tazayyaluu la'adzdzabnal ladziina kafaruu minhum 'adzaaban aliimaa.

Saupama wong-wong mau adoh saka Mekkah, temen Ingsun siksa wong-wong kafir iku kalawan siksa kang nglarani.926)

٢٦- إِذْ جَعَلَ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي قُلُوبِهِمُ الْحَمِيَّةَ حَمِيَّةَ الْجَاهِلِيَّةِ فَأَنْزَلَ اللَّهُ سَكِينَتَهُ عَلَىٰ رَسُولِهِ وَعَلَى الْمُؤْمِنِينَ وَأَلْزَمَهُمْ كَلِمَةَ التَّقْوَىٰ وَكَانُوا أَحَقَّ بِهَا وَأَهْلَهَا ۚ وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ۝ ٤

26. Muhammad ! sira nuturna anggone Allah wus ndokoki watak brangasan gumedhe ana ing atine wong-wong kafir, kaya watakane wong Jahiliyah, Allah banjur nurunake katentremaNe marang UtusaNe lan marang para wong Mu'min. Lan wong-wong iku wus tineguhake ana ing ucapan taqwa, kalimah Laa ilaaha illallaah! Lan pancen wus sabenere wong-wong mau dadi ahline ngucap mangkono mau. Allah iku ingkang Nguningani ing sakabehing barang.

Idz ja'alal ladziina kafaruu fii quluubihimul hamiyyata hamiyyatal jaahiliyyati fa-anzalallaahu sakiinatahuu 'alaa rasuulihii wa 'alal mu'miniina wa alzamahum kalimatat taqwaa wa kaanuu ahaqqa bihaa wa ahlahaa, wa kaanallaahu bikulli syai-in 'aliimaa.

Kabenerane sumpenane Rasulullah s.a.w. lumebu Mekkah kalayan aman dhame!

٢٧- لَقَدْ صَدَقَ اللَّهُ رَسُولَهُ الرُّؤْيَا بِالْحَقِّ ۖ لَتَدْخُلُنَّ الْمَسْجِدَ الْحَرَامَ إِنْ شَاءَ اللَّهُ آمِنِينَ مُحَلِّقِينَ رُءُوسَكُمْ وَمُقَصِّرِينَ لَا تَخَافُونَ ۖ فَعَلِمَ مَا لَمْ تَعْلَمُوا فَجَعَلَ مِنْ دُونِ ذَٰلِكَ فَتْحًا قَرِيبًا ۝

27. Sayekti nyata Allah paring sumpenan kang temen marang UtusaNe, sarta pancen ana kanyatahane, yaitu nyumpena: "Temen sira bakal lumebu ing Masjidilharam, terang saka kaparenging Allah, kalawan sinantosakake ora kuwatir apa-apa, sira banjur nyukur lan anggunting rambutira. Allah iku Maha Nguningani barang kang padha durung sira weruhi. PanjenengaNe banjur andadekake sadurunge kang mangkono iku, bisa ambedhah Negara (Khaibar) ing sawatara mangsa.

Laqad shadaqallaahu rasuulahur ru'yaa bilhaqq, latad-khulunnal masjidal haraama insyaa-allaahu aaminiin, muhalliqiina ru-uusakum wa muqashshiriina laa takhaafuuna, fa'alima maa lam ta'lamuu faja'ala min duuni dzaalika fat-han qariibaa.

926) Suraosipun ayat: 24—27 anerangaken bilih Allah SWT piyambak ingkang ngersakaken (ngebahaken) manahipun tiyang kafir Mekkah boten purun estu numpes mejahi tiyang Mu'min sami lumebet Mekkah salebeting upacara 'Umrah. Makaten ugi nakdiraken manahipun tiyang Mu'min boten purun males ukum tiyang kafir Quraisy ing kamenangan Futuh Mekkah wau, wontenipun sami dene nglonggaraken ing pangapunten, dados dhame lan sirep memengsahan ingkang sampun dasanan tahun, balik grombyang dados pasedherekan sinara wadi, lan gumridig tiyang-tiyang saking padhusunan lan pareden, sarta warni-warni trah sami anggolong dados kabilah-kabilah, lumebet Islam sarana rena lan lega-lila, kados kasebat wonten surat An Nashr (Pitulung) ayat: 2—3 : "Lan sira sumurup para manungsa padha gumrudug lumebu AgamaNe Allah, Agama Islam! Mula padha nyucekna kanthi memuji ing Allah Pangeranira, lan nyuwuna pangapura, satemene Allah iku Maha narima ing tobat". Kadadosan punika sadaya saderengipun Nabi s.a.w. sampun nyumpena!

28. PanjenengaNe kang angutus UtusaNe ngampil pituduh, lan Agama kang bener, supaya dimenangake dening PanjenengaNe ngungkuli Agama liyane kabeh, lan cukup Allah pribadi kang nekseni.

٢٨- هُوَ الَّذِيْٓ اَرْسَلَ رَسُوْلَهٗ بِالْهُدٰى وَدِيْنِ الْحَقِّ
لِيُظْهِرَهٗ عَلَى الدِّيْنِ كُلِّهٖ ۭ وَكَفٰى بِاللّٰهِ شَهِيْدًا ۝

Huwal ladzii arsala rasuulahuu bil hudaa wa diinilhaqqi liyuzh-hirahuu 'aladdiini kullihii, wa kafaa billaahi syahiidaa.

29. Ana dene Muhammad, UtusaNe Allah, lan para wong Mu'min pandhereke Rasul iku asikep keras marang para wong kafir, ananging sih-sinihan karo sapadha-padhane wong Mu'min, Muhammad! sira andeleng wong-wong Mu'min padha ruku' lan sujud, padha murih Kanugrahan lan Karidhaning Allah. Tetengere wong-wong Mu'min ketara ana ing raine, tabet saka anggone sujud, yaiku besuk ing dina Qiyamat, raine banjur katon mencorong! Sifat kang kang mangkono mau wus kasebut ana ing Kitab Taurat lan Kitab Injil. Kaya umpamane gaga kang nuwuhake tetesane, wulen akeh, saya gedhe gerombolane tur tambah wuwuh-wuwuh kekuwatane, sahengga sampurna jejeg adege, anjalari gumune kang nandur. Kang mangkono iku umpamane para Sekabat Nabi, asale sathithik, saya suwe saya akeh. Sabab kang mangkono iku marakake muringe para wong kafir. Allah janji marang wong Mu'min kang padha nindakake kabecikan bakal kaparingan pangapura lan ganjaran kang Agung!

***)

٢٩- مُحَمَّدٌ رَّسُوْلُ اللّٰهِ ۭ وَالَّذِيْنَ مَعَهٗٓ اَشِدَّاۗءُ عَلَى الْكُفَّارِ
رُحَمَاۗءُ بَيْنَهُمْ تَرٰىهُمْ رُكَّعًا سُجَّدًا يَّبْتَغُوْنَ فَضْلًا
مِّنَ اللّٰهِ وَرِضْوَانًا ۡ سِيْمَاهُمْ فِيْ وُجُوْهِهِمْ مِّنْ
اَثَرِ السُّجُوْدِ ۭ ذٰلِكَ مَثَلُهُمْ فِي التَّوْرٰىةِ ۚ وَمَثَلُهُمْ
فِي الْاِنْجِيْلِ ڔ كَزَرْعٍ اَخْرَجَ شَطْــَٔهٗ فَاٰزَرَهٗ فَاسْتَغْلَظَ
فَاسْتَوٰى عَلٰي سُوْقِهٖ يُعْجِبُ الزُّرَّاعَ لِيَغِيْظَ بِهِمُ
الْكُفَّارَ ۭ وَعَدَ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ
مِنْهُمْ مَّغْفِرَةً وَّاَجْرًا عَظِيْمًا ۝ ع

Muhammadur rasuulullaahi walladziina ma'ahuu asyiddaa-u 'alal kuffaari ruhamaa-u bainahum taraahum rukka'an sujjaday yabtaghuuna fadhlam minallaahi wa ridhwaanaa, siimaahum fii wujuuhihim min atsaris sujuud, dzaalika matsaluhum fittauraati wa matsaluhum fil injiili, kazar'in akhraja syath-ahuu fa-aazarahuu fastaghlazha fastawaa 'alaa suuqihii yu'jibuz zurraa'a liyaghiizha bihimul kufra, wa 'adaliaahul ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati minhum maghfirataw wa ajran 'azhiimaa.

***) Suraosing katerangan intisari lan interkorelasi (sasambetan ingkang manunggil ancas tujuan) antawisipun surat Al Fat-h lan surat Al Hujuraat (Kamar-kamar) kirang langkung makaten: 1. Ing surat Al Fat-h dipun pungkasi sarana katerangan sifat-sifatipun Rasulullah s.a.w. lan para Sekabatipun, dene wonten ing surat Al Hujuraat dipun wiwiti anerangaken kados pundi tata krami sesrawungan kaliyan Nabi s.a.w. 2. Salebeting surat Al Fat-h kadhawuhaken mangsah perang nanggulangi dhateng panempuhing mengsah kafir lan musyrik, dene wonten ing surat Al Hujuraat kadhawuhaken ngetrapaken tata dhame kalayan mengsah ingkang nyuwun lan purun dhame, sarta tata cara adamel islah utawi mulihaken pasedherekan antawis ipun tiyang Islam ingkang memengsahan kaliyan tiyang Islam, ngantos wangsul sapeket manunggil malih dados ummat Islam Satunggal, golong gilig dados satunggal bandhol ngrompol!

AL HUJURAT (KAMAR KAMAR)

Surat kaping 49 : 18 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, sawuse surat Al Mujaadalah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Tatakrama dhumateng Rasulullah saw

1. He para wong Mu'min! sira kabeh aja padha nglancangi ana ngarsaning Allah lan UtusaNe, yaiku andhisiki netepake hukum ing sawijining perkara, lan sira padha wedia ing Allah, sanyata Allah iku Maha Miarsa, tur Ngudaneni.

١ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُقَدِّمُوْا بَيْنَ يَدَيِ اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ○

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tuqaddimuu baina yadayillaahi wa rasuulihii wattaqullaah, innallaaha samii'un 'aliim.

2. He para wong Mu'min! sira kabeh aja padha cecaturan sora ana ing ngarsane Rasulullah, ngungkuli suwarane Nabi Muhammad, lan sira ana nyorakake aturira marang Nabi Muhammad, kaya dene yen sira cacaturan karo kancanira dhewe. Mundhak lebur amalira, ing mangka sira ora padha rumangsa!

٢ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَرْفَعُوْٓا اَصْوَاتَكُمْ فَوْقَ صَوْتِ النَّبِيِّ وَلَا تَجْهَرُوْا لَهٗ بِالْقَوْلِ كَجَهْرِ بَعْضِكُمْ لِبَعْضٍ اَنْ تَحْبَطَ اَعْمَالُكُمْ وَاَنْتُمْ لَا تَشْعُرُوْنَ ○

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tarfa'uu ashwaatakum fauqa shautin nabiyyi walaa tajharuu lahuu bilqauli kajahri ba'dhikum liba'dhin an tahbatha a'maalakum wa antum laa tasy'uruun.

3. Sanyata wong kang padha nyuwara lirih ana ngarsane Rasulullah, wong kang mangkono iku wong kang kuwat atine nampa cobaning Allah, kanthi prakara kang anjalari wedi ing Allah, dheweke bakal padha oleh pangapura lan ganjaran kang agung.

٣ - اِنَّ الَّذِيْنَ يَغُضُّوْنَ اَصْوَاتَهُمْ عِنْدَ رَسُوْلِ اللّٰهِ اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ امْتَحَنَ اللّٰهُ قُلُوْبَهُمْ لِلتَّقْوٰى ۗ لَهُمْ مَّغْفِرَةٌ وَّاَجْرٌ عَظِيْمٌ ○

Innalladziina yaghudhdhuuna ashwaatahum 'inda rasuulillaahi ulaa-ikal ladziinamtahanallaahu quluubahum littaqwaa, lahum maghfiratuw wa ajrun 'azhiim.

4. Sanyata wong kang undang-undang ing sira Muhammad, saka sajabane kamarira iku akeh-akehe padha ora duwe akal.

٤ - إِنَّ الَّذِينَ يُنَادُونَكَ مِن وَّرَآءِ الْحُجُرٰتِ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ○

Innalladziina yunaaduunaka miw waraa-il hujuraati aktsaruhum laa ya'qiluun

5. Lan saupama wong-wong mau padha gelem sabar nganti sira ngrawuhi, sayekti dadi becik tumrap dheweke, Allah iku rena paring pangapura tur Maha Asih.

٥ - وَلَوْ أَنَّهُمْ صَبَرُوا حَتّٰى تَخْرُجَ إِلَيْهِمْ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ وَاللّٰهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ○

Walau annahum shabaruu hattaa takhruja ilaihim lakaana khairal lahum, wallaahu ghafuurur rahiim.

Intelijen Negara lan stabilisasi kaamanan iku kang kawogan Pamarintah kabantu masyarakat.

6. He para wong Mu'min! manawa ana wong fasek teka ing sira anggawa pawarta pariwara, sira banjur ngupayaa katerangan benere pawarta iku mau, aja nganti sira natoni marang atine sawijining golongan, sabab saka ora ngerti, satemah sira padha getun tumrap tindakira kang sira lakoni.[927]

٦ - يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوٓا إِن جَآءَكُمْ فَاسِقٌ بِنَبَإٍ فَتَبَيَّنُوٓا أَن تُصِيبُوا قَوْمًۢا بِجَهَالَةٍ فَتُصْبِحُوا عَلٰى مَا فَعَلْتُمْ نٰدِمِينَ ○

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu in jaa-akum faasiqum binaba-in fatabayyanuu an tushiibuu qaumam bijahaalatin fatushbihuu 'alaa maa fa'altum naadimiin.

927) Intelijen Negara lan Stabilitas Kaamanan punika kuwajibanipun Pamarentah kabantu masyarakat: Suraosipun ayat: 6—7 punika manawi ing jaman modern kawastanan BAKIN utawi Badan Koordinasi Intelijen Negara wonten ing Tata Bina Pamarentahan Republik Indonesia. Wonten ing Negari Demokrasi, kados Negari kita, Negari Pancasila, hakekatipun Intelijen Negari lan stabilisasi kaamanan punika rumagangipun Rakyat ingkang kapimpin dening Pamarentah, lan intinipun kakiyatan ABRI. Sabab, UUD 1945 pasal 30 anyebataken bilih saben Warga-Negara wajib lan hak ambelani Negara, sarta caranipun dipun tata dening Aturan-Negari. Miturut katerangan Jumhur Mufassirin, 14 abad kapengker, Sekabat Walid bin 'Utbah kautus dening Kanjeng Nabi s.a.w. dhateng dhusun Bani al-Mushthalik, perlu nampi Zakat kangge Baitulmaal. Saderengipun lumebet Islam, ing jaman Jahiliyah, piyambakipun nate incim-inciman kaliyan warga-dhusun wau. Walid bin 'Utbah dipun kurmati rame-rame dening sadaya warga-dhusun sarana tabuhan rebana sarta uba rampe ingkang nggembirakaken. Dumadakan ingkang kadadosan lucu lan nguciwakaken, Sekabat wau mlajar lan ajrih dipun perjaya, mbok manawi kraos rumaos badhe dipun keroyok! Laporanipun dhateng Kanjeng s.a.w. ing Madinah dipun aturaken bilih warga dhusun wau brontak, lajeng ngutus utusan sanes perlu anyetitekaken lan tumindak intelijen ingkang setiti lan waspada, dening Sekabat Khalid bin Walid. Ringkesipun sintena kemawon Utusanipun Rasulullah tamtu dipun tampi sarana bingah, lan pancen sampun kasedhiyakaken Zakat ingkang dados kuwajibanipun, malah sampun sami dipun tengga! Pramila Nabi s.a.w. langkah tumindakipun wekdal samanten: 1. pasukan dipun siap siagakaken, 2. tumindak intelijen dipun setitekaken lan tambah waspada, 3. langkah salajengipun ugi dipun tata.

٧ - وَاعْلَمُوٓا اَنَّ فِيكُمْ رَسُولَ اللّٰهِ ۚ لَوْ يُطِيعُكُمْ فِي كَثِيرٍ مِّنَ الْاَمْرِ لَعَنِتُّمْ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ حَبَّبَ اِلَيْكُمُ الْاِيمَانَ وَزَيَّنَهٗ فِي قُلُوبِكُمْ وَكَرَّهَ اِلَيْكُمُ الْكُفْرَ وَالْفُسُوقَ وَالْعِصْيَانَ ۚ اُولٰٓئِكَ هُمُ الرّٰشِدُونَ ۝

7. Sira padha sumurupa! satemene Rasulullah iku dadi golonganira, saupama dheweke gelem ngrujuki tumrap akeh-akehe prakaranira, yekti malah andadekake kangelanira, ananging Allah wus andokokake iman minangka rerenggan ana ing atinira, sarta andokokake rasa gething ana ing atinira yaiku sengit marang panggawe kafir, fasek lan panggawe dosa, wong kang kaya mangkono iku padha oleh pituduh.

Wa'lamuu anna fiikum rasuulallaahi, lau yuthii'ukum fii katsiirim minal amri la'anittum walaakinnallaaha habbaba ilaikumul iimaana wa zayyanahuu fii quluubikum wa karraha ilaikumul kufra wal fusuuqa wal 'ishyaan, ulaa-ika humur raasyiduun.

٨ - فَضْلًا مِّنَ اللّٰهِ وَنِعْمَةً ۚ وَاللّٰهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ۝

8. Iku maligi saka kanugrahan lan kani'matan peparing saka ngarsaning Allah, Allah iku Maha Nguningani lan Maha Wicaksana.

Fadhlam minallaahi wa ni'mah, wallaahu 'aliimun hakiim.

Cara ngrampungake peperangan ing kalangan ummat Islam.

٩ - وَاِنْ طَآئِفَتَانِ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ اقْتَتَلُوا فَاَصْلِحُوا بَيْنَهُمَا ۚ فَاِنْ بَغَتْ اِحْدٰىهُمَا عَلَى الْاُخْرٰى فَقَاتِلُوا الَّتِي تَبْغِي حَتّٰى تَفِيٓءَ اِلٰٓى اَمْرِ اللّٰهِ ۚ فَاِنْ فَآءَتْ فَاَصْلِحُوا بَيْنَهُمَا بِالْعَدْلِ وَاَقْسِطُوا ۖ اِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ ۝

9. Lan manawa ana gerombolaning para wong Mu'min rong golongan padha peperangan, sira banjur angrukuna ing sakarone! Mangka, manawa ing salah sijine ana kang tumindak nganiaya marang liyane, golongan kang nganiaya iku banjur perangana, sahengga gelem bali ngestokake parentahing Allah. Dene manawa wus gelem ngestokake, sakarone kudu sira rukunake sarana adil, sira padha tumindaka kalawan jejeg, sanyata Allah iku rena marang wong kang jejeg tumindake.

Wa-in thaa-ifataani minal mu'miniinaq tataluu fa-ashlihuu bainahumaa, fa-im baghat ihdaahumaa 'alal ukhraa faqaatilul latii tabghii hattaa tafii-a ilaa amrillaah, fa-in faa-at fa-ashlihuu bainahumaa bil 'adli wa aqsithuu, innallaaha yuhibbul muqsithiin.

١٠ - اِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ اِخْوَةٌ فَاَصْلِحُوا بَيْنَ اَخَوَيْكُمْ ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ۝

10. Mesthine para wong Mu'min iku padha dadi sadulur, mulane sira padha angrukuna antarane sadulurira, lan sira padha wedia marang Allah, supaya sira padha oleh Rahmating Allah.

Innamal mu'minuuna ikhwatun fa-ashlihuu baina akhawaikum wattaqullaaha la'allakum turhamuun.

Pepacuh nyana ala, moyoki, nenacad lan liya-liyane.

11. He para wong Mu'min! sira aja memoyoki sagolongan marang golongan liyane , mbok manawa kang dipoyoki luwih becik tinimbang golongan kang memoyoki, lan maneh para wong wadon aja padha anggeguyu marang wong wadon liyane, mbok manawa wong wadon kang digeguyu iku luwih becik ngungkuli tinimbang kang anggeguyu, lan sira aja nacad marang awakira dhewe, lan maneh sira aja parab pinarab kalawan paraban ala. Ala-alane jeneng iku fasek sawuse iman,[928] lan sing sapa ora gelem tobat, mangka wong kang mangkono iku sajatine kagolong padha nganiaya.

١١ - يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا يَسْخَرْ قَوْمٌ مِّن قَوْمٍ عَسَىٰٓ
أَن يَكُونُوا۟ خَيْرًا مِّنْهُمْ وَلَا نِسَآءٌ مِّن نِّسَآءٍ عَسَىٰٓ
أَن يَكُنَّ خَيْرًا مِّنْهُنَّ ۖ وَلَا تَلْمِزُوٓا۟ أَنفُسَكُمْ وَلَا
تَنَابَزُوا۟ بِٱلْأَلْقَٰبِ ۖ بِئْسَ ٱلِٱسْمُ ٱلْفُسُوقُ بَعْدَ
ٱلْإِيمَٰنِ ۚ وَمَن لَّمْ يَتُبْ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa yaskhar qaumum min qaumin 'asaa ayyakuunuu khairam minhum walaa nisaaum min nisaa-in 'asaa ay-yakunna khairam minhunna, walaa talmizuu anfusakum walaa tanaabazuu bil alqaab, bi'sal ismul fusuuqu ba'dal iimaan, wamallam yatub fa-ulaa-ika humuzh zhaalimuun.

12. He para wong Mu'min! sira padha ngedohna ing akeh-akehing panyana, satemene ana saweneh ing panyana iku dosa! Lan sira aja golek-golek alaning liyan, lan aja nyatur ala sawenehira marang sawenehe. Apa dhemen ta manawa salah sawijinira iku mangan daginge sadulure dhewe kang wus mati? Mesthi bae sira ora padha dhemen. Sira padha wedia ing Allah, sanyata Allah iku kapareng narima tobat tur Maha Asih.

١٢ - يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱجْتَنِبُوا۟ كَثِيرًا مِّنَ ٱلظَّنِّ إِنَّ
بَعْضَ ٱلظَّنِّ إِثْمٌ ۖ وَلَا تَجَسَّسُوا۟ وَلَا يَغْتَب
بَّعْضُكُم بَعْضًا ۚ أَيُحِبُّ أَحَدُكُمْ أَن يَأْكُلَ لَحْمَ
أَخِيهِ مَيْتًا فَكَرِهْتُمُوهُ ۚ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ
تَوَّابٌ رَّحِيمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuj tanibuu katsiiram minazh zhanni inna ba'dhazh zhanni itsmuw walaa tajassasuu walaa yaghtab ba'dhukum ba'dhan, ayuhibbu ahadukum ay-ya'kula lahma akhiihi maitan fakarihtumuuhu, wattaqullaah, innallaaha tawwaabur rahiim.

---

928) Ing jaman wiwitan sumiyaring Islam, tiyang Yahudi lan tiyang Nasrani ingkang sami kumebet Agami Islam, sering dipun undang sarana tembung: "He wong Yahudi!", "He wong Nasrani!", ayat dhawuhing Allah punika ngawisi sanget cara makaten punika. Kedah dipun gantos cara panyebut ingkang langkung simpatik, upaminipun: "Para sadherek Muslimin!", "Para kadang kula Mu'minin", utawi ingkang rumiyin parabanipun Dhadhap utawi Waru, dipun gantos Suyuti utawi Amin lan sapanunggilipun!

Para manungsa tinakdir dadi pirang-pirang bangsa, supaya padha wewanuhan!

13. He para manungsa! sayekti Ingsun wus anitahake sira kabeh saka wong lanang lan wadon, Ingsun banjur andadekake sira kabeh dadi pirang-pirang bangsa lan turunan, supaya sira padha wewanuhan weruh wineruhan, sanyata wong kang inganggep mulya mungguhing Allah iku wong kang luwih taqwa ing PanjenengaNe, sayekti Allah iku Maha Uninga tur kang Waspada.

١٣- يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اِنَّا خَلَقْنٰكُمْ مِّنْ ذَكَرٍ وَّاُنْثٰى وَجَعَلْنٰكُمْ شُعُوْبًا وَّقَبَآىِٕلَ لِتَعَارَفُوْا ۚ اِنَّ اَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللّٰهِ اَتْقٰىكُمْ ۚ اِنَّ اللّٰهَ عَلِيْمٌ خَبِيْرٌ ۝

Yaa ayyuhan naasu innaa khalaqnaakum min dzakariw wa untsaa wa ja'alnaakum syu'uubaw wa qabaa-ila lita'aarafuu, inna akramakum 'indallaahi atqaakum, innallaaha 'aliimun khabiir.

Ciri-cirining iman kang sejati.

14. Wong-wong Arab Baduwi, sanak-sanak padesan, padha matur: "Kula sadaya sami ngimanaken". Muhammad! sira dhawuha: "Sira durung dianggep ngimanake, manawa ing jeroning atinira durung kanggonan iman, ananging ngucapna: "kula punika Islam". Manawa sira padha ngabekti marang Allah lan UtusaNe, Allah ora bakal ngurangi amal-ira sathithik bae. Sanyata Allah iku rena paring pangaksama tur Maha Asih.

١٤- قَالَتِ الْاَعْرَابُ اٰمَنَّا ۗ قُلْ لَّمْ تُؤْمِنُوْا وَلٰكِنْ قُوْلُوْٓا اَسْلَمْنَا وَلَمَّا يَدْخُلِ الْاِيْمَانُ فِيْ قُلُوْبِكُمْ ۗ وَاِنْ تُطِيْعُوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ لَا يَلِتْكُمْ مِّنْ اَعْمَالِكُمْ شَيْـًٔا ۗ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Qaalatil a'raabu aamannaa, Qul lam tu'minuu walaakin quuluu aslamnaa wa lammaa yad-khulil iimaanu fii quluubi-kum wa-in tuthii'ullaaha wa rasuulahuu laa yalitkum min a'maalikum syai-aa, innallaaha ghafuurur rahiim.

15. Mesthine wong kang Mu'min iku wong-wong kang setya tuhu marang Allah, lan UtusaNe, banjur ora padha mamang atine, lan padha gelem jihad ambelani (ambiyantu) Agamaning Allah, kalawan bandha lan jiwa ragane. Wong kang mangkono iku, yaiku wong kang padha temen imane!

١٥- اِنَّمَا الْمُؤْمِنُوْنَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ ثُمَّ لَمْ يَرْتَابُوْا وَجٰهَدُوْا بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۗ اُولٰٓئِكَ هُمُ الصّٰدِقُوْنَ ۝

Innamal mu'minuunal ladziina aamanuu billaahi wa rasuulihii tsumma lam yar-taabuu wa jaahaduu bi-amwaalihim wa anfusihim fii sabiilillaah, ulaa-ika hu-mush shaadiquun.

16. Muhammad! sira dhawuha: "Apa sira nyaosi priksa ing ngarsaning Allah tumrap anggonira angrungkebi Agamanira. Allah iku Nguningani barang kang ana ing Langit lan

١٦- قُلْ اَتُعَلِّمُوْنَ اللّٰهَ بِدِيْنِكُمْ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۗ وَاللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ۝

Bumi, lan Allah iku Maha Uninga ing sakabehing barang".

Qul atu'allimunnallaaha bidiinikum, wallaahu ya'lamu maa fis samaawaati wamaa fil ardhi, wallaahu bikulli syai-in 'aliim.

17. Wong Arab Baduwi, sanak-sanak padesan iku padha ngundhamana ing sira, dumeh anggone wus padha Islam. Muhammad! sira dhawuha: "Sira aja ngundhamana marang aku prakara Islammu! Ananging malah Allah kang ngundhamana marang sira kabeh, sabab sira wus dituduhake dening PanjenengaNe marang iman, kang mangkono iku manawa temen sira padha duwe iman!".

١٧- يَمُنُّونَ عَلَيْكَ أَنْ أَسْلَمُوا ۖ قُلْ لَا تَمُنُّوا عَلَيَّ إِسْلَامَكُمْ ۖ بَلِ اللَّهُ يَمُنُّ عَلَيْكُمْ أَنْ هَدَاكُمْ لِلْإِيمَانِ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ۝

Yamunnuuna 'alaika an aslamuu, qul laa tamunnuu 'alayya islaamakum balillaahu yamunnu 'alaikum an hadaakum lil-iimaani in kuntum shaadiqiin.

18. Sanyata Allah iku Nguningani ing ghaibe Langit lan Bumi, Allah Maha Priksa samubarang kang padha sira tindakake.

***)

١٨- إِنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ غَيْبَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ وَاللَّهُ بَصِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ ۝

Innallaaha ya'lamu ghaibas samaawaati wal ardhi, wallaahu bashiirum bimaa ta'maluun.

***) Anyuraos katerangan intisari lan interkorelasi (sasambetan ingkang manunggil ancas tujuan) ing antawisipun surat Al Hujuraat kalayan surat Qaaf, ing antawisipun anerangaken bilih: 1. Wonten ing surat Al Hujuraat langkung kathah anerangaken prakawis ngagesang Duniawi ingkang sarwa nengsemaken lan ngisruhaken, ananging boten langgeng, dene wonten ing surat Qaaf langkung kathah katerangan prakawis ngagesang Ukhrawi ingkang sarwa langgeng, ingkang alternatifipun kalih: Suwarga utawi Neraka! 2. Ing akhir surat Al Hujuraat kasebataken kados pundi bab Iman punika, kados dene tiyang Arab Baduwi utawi sanak-sanak padesan wonten wiwitanipun iman, ngrembakanipun, sarta pundi ta iman ingkang saestu punika? Dene wonten ing surat Qaaf katerangaken sipatipun titiyang kafir ingkang maiben lan ingkar ing Pangeran lan tansah damel karisakan ing Masyarakat, sabab dening atheis utawi boten pitados wontenipun Pangeran ingkang nitahaken sadaya 'Alam, boten purun nindakaken Agama saking Allah SWT, purunipun namung anggega hawa nafsu utawi angen-angen pemanggihipun piyambak, boten purun adhedhasar Wahyu ingkang kaampil dening Malaikat Jibril a.s. dhumateng Rasulullah s.a.w. Nabi Pungkasan!



QAAF

Surat kaping 50 : 45 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 38 kawahyokake ana ing Madinah. Tumurun sawuse surat Al Mursalaat.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Qaaf (Hamung ngarsa dalem Allah piyambak kang Nupiksa irg maksude), demi Allah! Al Quraan kang Minulya!

١ - قٓ ۚ وَالْقُرْاٰنِ الْمَجِيْدِ ۚ ○

Qaaf; wal qur-aanil majiid.

2. Dheweke padha ora ngerti, malah wong-wong kafir mau padha eram anggone karawuhan Juru pepeling saka bangsane dhewe. Pangucape wong kafir: "Iki sawijining barang kang ngeram-cramake banget!".

٢ - بَلْ عَجِبُوْٓا اَنْ جَآءَهُمْ مُّنْذِرٌ مِّنْهُمْ فَقَالَ الْكٰفِرُوْنَ هٰذَا شَيْءٌ عَجِيْبٌ ○

Bal 'ajibuu an jaa-ahum mundzirum minhum faqaalal kaafiruuna haadzaa syai-un 'ajiib.

3. Apa hiya, manawa aku wus mati lan dadi lemah, aku diuripake maneh! Adoh banget, awak sing wis dadi lemah bisa bali urip maneh.

٣ - ءَاِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا ۚ ذٰلِكَ رَجْعٌۢ بَعِيْدٌ ○

A-idzaa mitnaa wa kunnaa turaaban, dzaalika raj'um ba'iid.

4. Sayekti Ingsun wus Nguningani awake wong-wong mau anggone dipangan dening lemah, sarta ana ing ngarsanIngsun buku cathetan amale iku kareksa.

٤ - قَدْ عَلِمْنَا مَا تَنْقُصُ الْاَرْضُ مِنْهُمْ ۚ وَعِنْدَنَا كِتٰبٌ حَفِيْظٌ ○

Qad 'alimnaa maa tanqushul ardhu minhum, wa 'indanaa kitaabun hafiizh.

5. Nanging wong-wong kafir malah padha maido ing kabeneran, nalika kabeneran mau nekani marang dheweke, jalaran dheweke

٥ - بَلْ كَذَّبُوْا بِالْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمْ فَهُمْ فِيْٓ اَمْرٍ مَّرِيْجٍ ○

iku tansah ana ing kahanan kang kisruh sarwa rumit.

Bal kadzdzabuu bil haqqi lammaa jaa-a hum fii amrim mariij.

Kadadean-kadadean 'alam sakiwa-tengening manungsa, iku ambuk-tekake bakal anane dinane tangi saka kubur!

6. Saka iku, apa dheweke ora padha mikir-mikir marang tumitahing Langit kang ana ing sadhuwure, kapriye anggonIngsun angedegake lan masang rerenggane edi-edi, sarta maneh Langit iku ora ana kang bengkah!

٦- أَفَلَمْ يَنظُرُوٓا۟ إِلَى ٱلسَّمَآءِ فَوْقَهُمْ كَيْفَ بَنَيْنَٰهَا وَزَيَّنَّٰهَا وَمَا لَهَا مِن فُرُوجٍ ۝

Afalam yanzhuruu ilas samaa-i fauqa-hum kaifa banainaahaa wa zayyannaa-haa wamaa lahaa min furuuj.

7. Lan marang Bumi kang wus Ingsun jereng banjur Ingsun dokoki Gunung gedhe-gedhe, lan Ingsun thukulake sawarnaning woh-wohan kang becik-becik edi lan peni ana ing Bumi kono.

٧- وَٱلْأَرْضَ مَدَدْنَٰهَا وَأَلْقَيْنَا فِيهَا رَوَٰسِىَ وَأَنۢبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ زَوْجٍۭ بَهِيجٍ ۝

Wal ardha madadnaahaa wa alqainaa fiihaa rawaasiya wa ambatnaa fiihaa min kulli zaujin bahiij.

8. Minangka kanggo piwulang lan pameleh sarta ngelingake ing sakabehing kawula (manungsa) kang gelem bali tobat ing Allah!

٨- تَبْصِرَةً وَذِكْرَىٰ لِكُلِّ عَبْدٍ مُّنِيبٍ ۝

Tabshirataw wa dzikraa likulli 'abdim muniib.

9. Lan maneh Ingsun wus anurunake banyu udan saka Langit kang amberkahi. Ingsun banjur nuwuhake wit-witan nganggo banyu iku ing pakebonan (pagagan), sarta wiji-wiji gaga kang padha dieneni.[929]

٩- وَنَزَّلْنَا مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً مُّبَٰرَكًا فَأَنۢبَتْنَا بِهِۦ جَنَّٰتٍ وَحَبَّ ٱلْحَصِيدِ ۝

Wa nazzalnaa minas samaa-i maa-am mubaarakan fa-ambatnaa bihii jannaatiw wa habbal hashiid.

10. Uga Ingsun anggo nyukulake wit kurma kang dhuwur, nuli thukul manggare kang becik rupane!

١٠- وَٱلنَّخْلَ بَاسِقَٰتٍ لَّهَا طَلْعٌ نَّضِيدٌ ۝

Wannakhla baasiqaatil lahaa thal'un nadhiid.

---

929) Inggih punika kadosdene pantun, jagung, gandum lan polowijo sanes-sanesipun.

11. Iku kabeh, minangka dadi rezeki marang para kawulaNe. Banyu udan mau uga Ingsun anggo nguripake Negara kang wus mati. Samono uga Ingsun bakal ngetokake (nguripake) lan nangekake wong mati saka kubure!

١١- رِّزْقًا لِّلْعِبَادِ ۙ وَأَحْيَيْنَا بِهِ بَلْدَةً مَّيْتًا ۚ كَذَٰلِكَ الْخُرُوجُ ۝

Rizqal lil'ibaadi wa ahyainaa bihii baldatam maitaa, kadzaalikal khuruuj.

Piwulang saka kedadeyane ummat-ummat jaman biyen kang ambalela ing Allah.

12. Sadurunge wong kafir Mekkah, kaume Nuh lan wong-wong kafir kang duwe sumur Rass[930] lan kaum Tsamud, kabeh bae padha maido.

١٢- كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَأَصْحَابُ الرَّسِّ وَثَمُودُ ۙ

Kadzdzabat qablahum qaumu nuuhiw wa ash-haabur rassi wa tsamuud.

13. Lan uga kaum 'Aad, Fir'aun, lan kaume Luth.

١٣- وَعَادٌ وَفِرْعَوْنُ وَإِخْوَانُ لُوطٍ ۙ

Wa 'aaduw wa fir'aunu wa ikhwaanu luuth.

14. Uga kaume Syu'aib, kang aran Ashaabul Aikah, sarta kaume raja Tubba'[931] kang padha maido para Andika Rasul, Ingsun mesthi anyatakake ancamIngsun hukuman!

١٤- وَأَصْحَابُ الْأَيْكَةِ وَقَوْمُ تُبَّعٍ ۚ كُلٌّ كَذَّبَ الرُّسُلَ فَحَقَّ وَعِيدِ ۝

Wa ash-haabul aikati wa qaumu tubba'in, kullun kadzdzabar rusula fahaqqa wa'iid.

15. Lah apa Ingsun iku ngreksa tanpa daya marga nitahake makhluk kang sakawit? Ananging wong kafir padha bawur tumrap prakara kadadean kang anyar, tangi saka kubur!

١٥- أَفَعَيِينَا بِالْخَلْقِ الْأَوَّلِ ۚ بَلْ هُمْ فِي لَبْسٍ مِّنْ خَلْقٍ جَدِيدٍ ۝ ١٥

Afa'ayiinaa bil-khalqil awwal, bal hum fii labsim min khalqin jadiid.

١٦- وَلَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنسَانَ وَنَعْلَمُ مَا تُوَسْوِسُ بِهِ نَفْسُهُ ۖ وَنَحْنُ أَقْرَبُ إِلَيْهِ مِنْ حَبْلِ الْوَرِيدِ ۝

---

930) Punika asalipun nami satunggaling telaga agung ingkang asat boten wonten toyanipun malih, lajeng dados nami satunggaling kaum, inggih kaum Rass, ingkang sami nyembah reca-brahala, ing wusana Allah ngutus Nabi Syuaib a.s.

931) Naminipun Raja ing Negari Yaman jaman kina, dene "Ashaabul Aikah" penduduk sakiwa-tengening satunggaling wana ageng, inggih punika kaumipun Nabi Syu'aib a.s.

Solah bawa, dalah muna lan munining para manungsa dicathet permati dening Malaikat.

16. Lan sayekti temen-temen Ingsun wus anitahake manungsa, lan Ingsun Nguningani pangridhuning atine manungsa marang awake dhewe! Lan Ingsun luwih parek marang manungsa tinimbang otot gurunge.

Walaqad khalaqnal insaana wa na'lamu maa tuwaswisu bihii nafsuh, wa nahnu aqrabu ilaihi min hablil wariid.

17. Nalikane Malaikat loro nyatheti 'amal tumindake manungsa, siji lungguh ing tengen lan sijine lungguh ing kiwane.

١٧- إِذْ يَتَلَقَّى الْمُتَلَقِّيَانِ عَنِ الْيَمِينِ وَعَنِ الشِّمَالِ قَعِيدٌ ○

Idz yatalaqqal mutalaqqiyaani 'anil yamiini wa 'anisy syimaali qa'iid.

18. Manungsa ora angucapake gunem sakecap, kajaba ing sandhinge ana Malaikat Raqib dan 'Atid.[932]

١٨- مَا يَلْفِظُ مِن قَوْلٍ إِلَّا لَدَيْهِ رَقِيبٌ عَتِيدٌ ○

Maa yalfizhu min qaulin illaa ladaihi raqiibun 'atiid.

19. Dene sakaratulmaut teka kalawan nyata-temenan, kang kaya mangkono mau barang kang sira ora bisa oncat saka dheweke.

١٩- وَجَاءَتْ سَكْرَةُ الْمَوْتِ بِالْحَقِّ ذَٰلِكَ مَا كُنتَ مِنْهُ تَحِيدُ ○

Wa jaa-at sakaratul mauti bil-haqqi, dzaalika maa kunta minhu tahiid.

20. Lan kalasangka bakal sinebul Malaikat Israfil kang kapindho, yen kahanan wus kaya mangkono iku dina Qiyamat wus kaancamake

٢٠- وَنُفِخَ فِي الصُّورِ ذَٰلِكَ يَوْمُ الْوَعِيدِ ○

Wa nufikha fishshuuri, dzaalika yaumul wa'iid.

21. Lan saben awak banjur padha teka dikantheni Malaikat loro, kang anggiring lan kang anyekseni.[933]

٢١- وَجَاءَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَّعَهَا سَائِقٌ وَشَهِيدٌ ○

Wa jaa-at kullu nafsim ma'ahaa saa-iquw wa syahiid.

---

932) Malaikat kekalih punika tansah siaga lan waspada anggenipun nyathet sadaya mobah mosik solah bawa dalah mona munining para manungsa.

933) Suraosing ayat: 21—28 makaten: benjing ing dinten Qiyamat saben tiyang kafir badhe dipun dhatengaken ing papriksaan, kairit dening petugas lan saksi saking Malaikat ingkang rumiyin nyerati amal tumindakipun. Tiyang kafir wau; rumiyin wonten Donya sami ngalang-alangi tiyang badhe dedana (Zakat) amal sosial, lan damel fitnah (gerakan-gerakan subversif) ingkang ngrisak kaamananing Negari lan masyarakat, sarta sering tiyang kafir damel-damel katerangan utawi statement ingkang anjalari tiyang lajeng mamang iman lan ragu-ragu pangibadahipun ing Allah SWT.

22. Pangandikaning Allah: "Temen sira wus nglirwakake kahanane dina iki, ing dina iki Ingsun wus ambuka tutuping pandelengira, paningalira banjur dadi awas!".

٢٢- لَقَدْ كُنْتَ فِي غَفْلَةٍ مِّنْ هٰذَا فَكَشَفْنَا عَنْكَ غِطَآءَكَ فَبَصَرُكَ الْيَوْمَ حَدِيْدٌ ۝

Laqad kunta fii ghaflatim min haadzaa fakasyafnaa 'anka ghithaa-aka fabasharukal yauma hadiid.

23. Lan kancane wong iku, yaiku Malaikat kang ngantheni mau ngucap: "Lah iki, siksaning Allah wus cumawis ana ing sandhingku".

٢٣- وَقَالَ قَرِيْنُهٗ هٰذَا مَا لَدَيَّ عَتِيْدٌ ۝

Wa qaala qariinuhuu haadzaa maa ladayya 'atiid.

24. Pangandikane Allah marang Malaikat loro iku: "Sira cemplungna ing Neraka Jahanam kabeh wong kafir kang edir ambeg gumedhe.

٢٤- اَلْقِيَا فِيْ جَهَنَّمَ كُلَّ كَفَّارٍ عَنِيْدٍ ۝

Alqiyaa fii jahannama kulla kaffaarin 'aniid.

25. Kang banget ngalang-alangi kabecikan (Zakat), tur nganiaya (ngliwati wates) lan mamang ana ing Agama

٢٥- مَّنَّاعٍ لِّلْخَيْرِ مُعْتَدٍ مُّرِيْبِ ۝

Mannaa'il lil-khairi mu'tadim muriib.

26. Kang nyembah liyane Allah, dianggep Pangeran kanthine Allah, mula dheweke banjur cemplungna bae ana ing siksa kang luwih dening abot.

٢٦- اَلَّذِيْ جَعَلَ مَعَ اللّٰهِ اِلٰهًا اٰخَرَ فَاَلْقِيٰهُ فِي الْعَذَابِ الشَّدِيْدِ ۝

Alladzii ja'ala ma'allaahi ilaahan aakhara fa-alqiyaahu fil 'adzaabisy syadiid..

27. Kancane kang nyasarake wong kafir matur marang Allah: "Dhuh Allah Pangeran kula! kula mboten nyasaraken dhateng piyambakipun, ananging piyambakipun pancen nyasar mblasar piyambak ngantos tebih!".

٢٧- قَالَ قَرِيْنُهٗ رَبَّنَا مَآ اَطْغَيْتُهٗ وَلٰكِنْ كَانَ فِيْ ضَلٰلٍ بَعِيْدٍ ۝

Qaala qariinuhuu rabbanaa maa athghaituhuu walaakin kaana fii dhalaalim ba'iid.

28. Pangandikaning Allah: "Sira aja padha pepadon! ana ing ngarsanIngsun, biyen sira wus padha Ingsun weruhake ancamanIngsun.

٢٨- قَالَ لَا تَخْتَصِمُوْا لَدَيَّ وَقَدْ قَدَّمْتُ اِلَيْكُمْ بِالْوَعِيْدِ ۝

Qaala laa takhtashimuu ladayya waqad qaddamtu ilaikum bil wa'iid.

29. Dhawuh ancamanIngsun ora bakal diowahi manch, ana dene Ingsun iki datan

٢٩- مَا يُبَدَّلُ الْقَوْلُ لَدَيَّ وَمَآ اَنَا بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيْدِ ۝

nganiaya marang para kawulanIngsun.

Maa yubaddalul qaulu ladayya wamaa ana bizhallaamil lil'abiid.

Ganjaran tumrap laku becik lan laku ala.

30. Eling! ing dina Qiyamat Ingsun andangu marang Neraka Jahanam: "Apa sira wus kebak?". Neraka Jahanam munjuk: "Punapa wonten tambahanipun malih?".

٣٠- يَوْمَ نَقُوْلُ لِجَهَنَّمَ هَلِ امْتَلَأْتِ وَتَقُوْلُ هَلْ مِنْ مَّزِيْدٍ ۝

Yauma naquulu lijahannama halimtala'ti wa taquulu hal mim maziid.

31. Lan Suwarga dicedhakake marang wong-wong kang padha bekti setya tuhu ing Allah, ora adoh panggonane.

٣١- وَاُزْلِفَتِ الْجَنَّةُ لِلْمُتَّقِيْنَ غَيْرَ بَعِيْدٍ ۝

Wa uzlifatil jannatu lil-muttaqiina ghaira ba'iid.

32. Pangandikane Allah: "Hiya iki! ganjaran kang wus kajanjekake marang sira kabeh, kaparingake marang sakabehing wong kang gelem tobat marang Allah, tur ngestokake ngreksa pranatan-pranataNe.

٣٢- هٰذَا مَا تُوْعَدُوْنَ لِكُلِّ اَوَّابٍ حَفِيْظٍ ۝

Haadzaa maa tuu'aduuna likulli awwaabin hafiizh.

33. Yaiku wong kang wedi ing Allah kang Maha Murah, senajan PanjenengaNe ora katon dening wong-wong mau,[934] banjur sowan ana ing ngarsane Allah kanthi tumungkul atine.

٣٣- مَنْ خَشِيَ الرَّحْمٰنَ بِالْغَيْبِ وَجَآءَ بِقَلْبٍ مُّنِيْبِ ۝

Man khasyiyar rahmaana bil-ghaibi wa jaa-a biqalbim muniib.

34. Sira padha lumebua ing Suwarga kanthi rahayu, kang mangkono mau bakal langgeng salawase.

٣٤- اُدْخُلُوْهَا بِسَلٰمٍ ذٰلِكَ يَوْمُ الْخُلُوْدِ ۝

Udkhuluuhaa bisalaamin, dzaalika yamul khuluud.

35. Wong-wong ahli Suwarga padha disekarep tumrap ganjaran kang wus cumawis ana ing kono, tur isih Ingsun tambahi maneh.[935]

٣٥- لَهُمْ مَّا يَشَآءُوْنَ فِيْهَا وَلَدَيْنَا مَزِيْدٌ ۝

Lahum maa yasyaa-uuna fiihaa wa ladainaa maziid.

---

934) Artosipun tiyang ingkang taqwa ing Allah punika: boten nindakaken ma'siyat senajan wonten papan ingkang boten kasumerepan tiyang sanes.

935) Maksudipun sanes: Ahli Suwarga punika sami nampi kani'mataning Allah SWT saking Suwarga ngriku, sarana kaparenging karsanipun, paring tambah malih kani'matan warni-warni dhumateng ahli Suwarga.

Ancaman tumrap wong kang maido dina ditangekake saka kubur.

36. Wus pira kehe golongan kang wus Ingsun lebur sadurunge dheweke, kang luwih santosa kekuwatane, bisa anjajah ana ing Bumi. Apa bisa dheweke iku sumingkir saka siksa utawa oncat saka pati?

٣٦- وَكَمْ اَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِّنْ قَرْنٍ هُمْ اَشَدُّ مِنْهُمْ بَطْشًا فَنَقَّبُوْا فِى الْبِلَادِ هَلْ مِنْ مَّحِيْصٍ ۝

Wa kam ahlaknaa qablahum min qarnin hum asyaddu minhum bathsyan fanaqqabuu fil-bilaad, hal mim mahiish.

37. Sanyata kang kaya mangkono iku pancen dadi pepeling tumrap wong kang duwe akal, utawa kang gelem kulak warta adol prungon kalawan ninglingake, ing mangka dheweke nyekseni.

٣٧- اِنَّ فِىْ ذٰلِكَ لَذِكْرٰى لِمَنْ كَانَ لَهٗ قَلْبٌ اَوْ اَلْقَى السَّمْعَ وَهُوَ شَهِيْدٌ ۝

Inna fii dzaalika ladzikraa liman kaana lahuu qalbun au alqas sam'a wahuwa syahiid.

38. Yekti temen-temen Ingsun wus nitahake Langit lan Bumi dalah saisen - isene kabeh ing andalem nem dina (mangsa), lan Ingsun babar pisan ora krasa sayah.

٣٨- وَلَقَدْ خَلَقْنَا السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِىْ سِتَّةِ اَيَّامٍ وَّمَا مَسَّنَا مِنْ لُّغُوْبٍ ۝

Walaqad khalaqnas samaawaati wal ardha wamaa bainahumaa fii sittati ayyaamiw wamaa massanaa mil-lughuub.

39. Muhammad! sira disabar ing sauni-unine wong kafir, lan sira maha nucekna kalawan muji ing Pangeranira sadurunge Srengenge mlethek, lan sadurunge surup.

٣٩- فَاصْبِرْ عَلٰى مَا يَقُوْلُوْنَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ قَبْلَ طُلُوْعِ الشَّمْسِ وَقَبْلَ الْغُرُوْبِ ۝

Fashbir 'alaa maa yaquuluuna wa sabbih bihamdi rabbika qabla thuluu'isy syamsi wa qablal ghuruub.

40. Lan maneh sira maha nyucekna ing Allah ana ing wayah bengi, lan saben rampung Shalat.[936]

٤٠- وَمِنَ الَّيْلِ فَسَبِّحْهُ وَاَدْبَارَ السُّجُوْدِ ۝

Wa minal-laili fasabbih-hu wa adbaaras sujuud.

41. Lan sira ngrungokna pepelingIngsun manawa ing besuk dina Qiyamat bakal ana Malaikat undang-undang saka panggonan kang cedhak.

٤١- وَاسْتَمِعْ يَوْمَ يُنَادِ الْمُنَادِ مِنْ مَّكَانٍ قَرِيْبٍ ۝

Wastami' yauma yunaadi mim makaanin qariib.

---

936) Samiya 'ibadah ing Allah SWT sarana Shalat ing wanci dalu, sarta bakda Shalat maos dzikir-dzikir lan do'a-do'a ingkang dipun tuntunaken dening Kanjeng Nabi s.a.w.

42. Yaiku ana ing dinane uwong padha krungu pangundang kalawan cetha wela-wela, kang mangkono mau dinane uwong metu saka kubur urip maneh.

٤٢- يَوْمَ يَسْمَعُونَ الصَّيْحَةَ بِالْحَقِّ ذٰلِكَ يَوْمُ الْخُرُوجِ ٥

Yauma yasma'uunash shaihata bil-haqqi, dzaalika yaumul khuruuj.

43. Sanyata Ingsun kang paring urip lan pati, lan marang ngarsanIngsun baline para manungsa kabeh.

٤٣- إِنَّا نَحْنُ نُحْيِي وَنُمِيتُ وَإِلَيْنَا الْمَصِيرُ ٥

Innaa nahnu nuhyii wa numiitu wa ilainal mashiir.

44. Ana ing dinane Bumi sigar! uwong banjur padha metu mbrubul rebut dhucung, anggonIngsun nglumpukake mangkono mau gampang banget.

٤٤- يَوْمَ تَشَقَّقُ الْأَرْضُ عَنْهُمْ سِرَاعًا ذٰلِكَ حَشْرٌ عَلَيْنَا يَسِيرٌ ٥

Yauma tasyaqqaqul ardhu 'anhum siraa'aa, dzaalika hasyrun 'alainaa yasiir.

45. Ingsun luwih Ngudaneni pangucape wong-wong kafir kabeh, dene sira Muhammad ora diwenangake meksa marang iman. Cukup sira ngelingna kalawan Quraan marang wong kang wedi ing ancamanIngsun.

***)

٤٥- نَحْنُ أَعْلَمُ بِمَا يَقُولُونَ وَمَا أَنْتَ عَلَيْهِمْ بِجَبَّارٍ فَذَكِّرْ بِالْقُرْآنِ مَنْ يَخَافُ وَعِيدِ ٥ ع

Nahnu a'lamu bimaa yaquuluuna wamaa anta 'alaihim bijabbaarin, fadzakkir bil qur-aani may yakhaafu wa'iid.

***) Sumangga sami anyuraos intisari lan interkorelasi (sasambetan andharan ingkang manunggil ancas tujuanipun) saking surat Qaaf kalayan surat Adz Dzaariyaat (Angin kang niup) kirang langkung makaten: 1. Wonten ing surat Qaaf namung sawatawis cekak aos ingkang nerangaken kados pundi sirna risaking ummat jaman kina sabab dening anggenipun kafir ing Rasul lan Agami Tauhid, dene wonten surat Adz Dzaariyaat sawatawis radi panjang katerangaken sejarahipun! 2. Ing surat Adz Dzaariyaat anerangaken alasan-alasan ingkang hak, wontenipun Pengadilan Agung ing Akherat, dene wonten ing surat Qaaf sawatawis nerangaken bab dinten piwales, Suwarga tuwin Neraka benjing dinten Qiyamat.

ADZ DZAARIYAAT (ANGIN KANG NIUP)

Surat kaping 51 : 60 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Ahqaaf.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

١ - وَالذّٰرِيٰتِ ذَرْوًا ○

Wadzdzaariyaati dzarwaa.

1. Demi angin kang niup kalawan banter!

٢ - فَالْحٰمِلٰتِ وِقْرًا ○

Falhaamilaati wiqraa.

2. Demi mendhung kang ngandhut banyu nganti peteng angendanu!

٣ - فَالْجٰرِيٰتِ يُسْرًا ○

Faljaariyaati yusraa.

3. Demi prau kang lelayaran kalawan gampang!

٤ - فَالْمُقَسِّمٰتِ اَمْرًا ○

Falmuqassimaati amraa.

4. Demi Malaikat kang ngedum rezeki kalawan parentahing Allah.

٥ - اِنَّمَا تُوْعَدُوْنَ لَصَادِقٌ ○

Innamaa tuu'aduuna lashaadiq.

5. Sanyata siksa kang dijanjekake marang sira iku mesthi temen.

٦ - وَّاِنَّ الدِّيْنَ لَوَاقِعٌ ○

Wa innaddiina lawaaqi'.

6. Lan sanyatane dina piwales iku mesthi kelakon tumiba.[937]

---

937) Menggah suraosing ayat: 1—6 punika nerangaken, bilih menawi manungsa anyetitekaken Kuwaosing Allah amarnata lan gilir anggumantekaken rinten-dalu, angin prahara-angin sumilir, mega sami arak-arakan sarta ndhawahaken toya jawah, lajeng thukul tetuwuhan lan wana pringga, tegesipun Bumi lajeng gesang lan manfa'at ageng sanget dhateng ekonomi lan kabudayan. Punika parlambang bilih Allah SWT badhe anggesangaken malih para manungsa ingkang sampun sami pejah benjing ing dinten Qiyamat punika perkawis mayar sanget, "kun fayakun" suwe mijit wohing ranti, paribasanipun!

7. Demi Langit kang anduweni dalan-dalan akeh (lintang-lintang).[938]

٧ - وَالسَّمَآءِ ذَاتِ الْحُبُكِ ۝

Wassamaa-i dzaatil hubuk.

8. Satemene sira para manungsa iku beda-beda panemune.

٨ - إِنَّكُمْ لَفِي قَوْلٍ مُّخْتَلِفٍ ۝

Innakum lafii qaulim mukhtalif.

9. Wong kang kablinger yaiku kang di-enggokake saka tuntunane Rasulullah lan Quraan!

٩ - يُؤْفَكُ عَنْهُ مَنْ أُفِكَ ۝

Yu'faku 'anhu man ufik.

10. Nyata wus dila'nati wong kang padha goroh.

١٠ - قُتِلَ الْخَرَّاصُونَ ۝

Qutilal kharraashuun.

11. Yaiku wong-wong kang padha klelep ana ing kabodhohan tur nglalekake.

١١ - الَّذِينَ هُمْ فِي غَمْرَةٍ سَاهُونَ ۝

Alladziina hum fii ghamratin saahuun.

12. Dheweke padha pitakon : "Benjing punapa dinten piwales punika?".

١٢ - يَسْأَلُونَ أَيَّانَ يَوْمُ الدِّينِ ۝

Yas-aluuna ayyaana yaumuddiin.

---

938) Makaten ugi tumitahing Langit, punika sineksenan dening dirgantara bilih ing awiyat rinengga Lintang ingkang maneka-warni, makaten manawi kasawang saking raosing aestetika; beda malih manawi katiti priksa saking kabetahaning sosial-ekonomi, lelayaran lan pertanian. Kadosta Lintang Pari, punika nuwuhaken ilmu eksakta, bilih Lintang Pari (Zuiderkruis) kasusun saking lintang sekawan cacahipun ingkang dados palang, manawi katarik garis saking ingkang nginggil mengandhap, inggih ingkang ngandhap punika Arah Kidul (leres Kutub Kidul), punika ageng sanget paedahipun kangge kawilujenganipun Angkatan Laut lan Nelayan anggen-ipun makarya ing kuwajiban. Makaten ugi Lintang Prahu (Grote Beer) utawi Bintang Biduk, punika gadhah rasi (gegambaran ing Langit ingkang kadadosan saking Lintang-lintang) Pitung Lintang cacahipun, mapanipun wonten Langit sisih Ler, rupinipun kados prahu utawi jung. Lintang ingkang wonten mburitan (wingking), menawi katarik garis saking nginggil mengandhap, inggih ingkang ngandhap punika lenceng Arah Ler (leres Kutub Ler). Sampun logis, cetha gamblang manawi Ler lan Kidul kacepeng, Wetan lan Kilen otomatis mangertos! Punika punapa sanes strategis dhasar ilmu eksakta? Ingkang sasambetan tanem tuwuh sarta peternakan, utawi rembag sosial-ekonomi, saking mapanipun Lintang wau saged kasumerepan makaten: Wilayahipun sarwa asrep (Kutub Ler) lan wilayah Ugahari bagean Ler, punika lumebet ing kalanganipun Lintang Kutub Ler lan kalanganipun Lintang ingkang balik Mengkara, kinten-kinten derajat 23½ (celak Katulistiwak) punika wilayah benter, utawi Tropica! Inggih ngriki punika wilayah, Allah SWT Nakdiraken tanah wutah rah kita Indonesia, dados Nusantara, Maha Suci Gusti Allah, Allahu Akbar, Maha Agung Gusti Allah! Saking garis Katulistiwak, mangidul 23½ derajat ugi taksih milayahi kita, lajeng mangidul malih 66½ derajat, dados wilayahipun tetanggi kita Australia, teras mepet Kutub Kidul, wilayah asrep sanget, kados Kutub Ler. Ringkesipun saking petangan memet (punika sanes padhukunan astronomis) wau lajeng dados ilmu mangertosi Mangsa, ingkang jaman sapunika ing TVRI kawastanan "Ramalan Cuaca" ingkang ageng pambiyantunipun satelit Palapa, kagunan tehnologi modern! Dados sarwa temata ingkang mapan, sarta ajeg ing lampahipun, alam Jagad Raya ingkang rinegem Sih Kanugrahanipun Allah SWT punika kedah kita syukuri, kedah kita manfa'ataken, lan kedah kita wradinaken ing ngakathah (Kamanungsan), inggih makaten punika menggalih wradinipun sistim sosial-ekonomi!! Wallaahu a'lam!

13. Pangandikaning Allah: "Yaiku besuk ana ing dinane wong mau padha disiksa ana ing Neraka.

١٣- يَوْمَ هُمْ عَلَى النَّارِ يُفْتَنُونَ ۝

Yauma hum 'alan naari yuftanuun.

14. Ing kono banjur kadhawuhan: "Mara padha rasakna! siksa Neraka iki kang sira suwun enggal diparingake".

١٤- ذُوقُوا فِتْنَتَكُمْ هَٰذَا الَّذِي كُنتُم بِهِ تَسْتَعْجِلُونَ ۝

Dzuuquu fitnatakum, haadzal ladzii kuntum bihii tasta'jiluun.

15. Sanyata wong kang padha taqwa ing Allah bakal padha manggon ana ing Suwarga sarta cedhak sumber-sumbere.

١٥- إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ۝

Innal muttaqiina fii jannaatiw wa 'uyuun

16. Padha nampani paparinging Allah Pangerane, amarga sadurunge iku dheweke wus padha ngleksanani tumindak becik.

١٦- آخِذِينَ مَا آتَاهُمْ رَبُّهُمْ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا قَبْلَ ذَٰلِكَ مُحْسِنِينَ ۝

Aakhidziina maa aataahum rabbuhum, innahum kaanuu qabla dzaalika muhsiniin.

17. Wong iku sathithik anggone turu ing saben wayah bengi!

١٧- كَانُوا قَلِيلًا مِّنَ اللَّيْلِ مَا يَهْجَعُونَ ۝

Kaanuu qaliilam minal laili maa yahja'uun.

18. Lan ana ing waktu sahur wong iku padha nyuwun pangapura.

١٨- وَبِالْأَسْحَارِ هُمْ يَسْتَغْفِرُونَ ۝

Wa bil-as-haari hum yastaghfiruun.

19. Lan ana ing bandha-bandhane wong mau padha nyisihake hak kanggo wong miskin kang anjaluk, lan wong perwira kang ora anjaluk!

١٩- وَفِي أَمْوَالِهِمْ حَقٌّ لِّلسَّائِلِ وَالْمَحْرُومِ ۝

Wa fii amwaalihim haqqul lissaa-ili wal mahruum.

20. Lan ana ing Bumi, akeh tandha yekti panguwasane Allah tumrap wong kang padha yakin.

٢٠- وَفِي الْأَرْضِ آيَاتٌ لِّلْمُوقِنِينَ ۝

Wa fil ardhi aayaatul lil muuqiniin.

21. Lan ana ing awakira dhewe dadi tandha yekti, apa sira ora sumurup?

٢١- وَفِي أَنفُسِكُمْ ۚ أَفَلَا تُبْصِرُونَ ۝

Wa fii anfusikum, afalaa tubshiruun.

22. Lan ana ing Langit panggonaning sabab-sabab rezekinira, lan barang kang dijanjekake marang sira, kang tinulis ing Lauhil Mahfuzh.

٢٢ - وَفِي السَّمَآءِ رِزْقُكُمْ وَمَا تُوعَدُونَ ۝

Wa fis-samaa-i rizqukum wamaa tuu'aduun.

23. Demi Pangeran! kang Mangerani Langit lan Bumi, sayekti janji mau bener! kaya anggonira bisa nyatakake kalawan pangucap.

٢٣ - فَوَرَبِّ السَّمَآءِ وَالْأَرْضِ إِنَّهُ لَحَقٌّ مِّثْلَ مَآ أَنَّكُمْ تَنطِقُونَ ۝ ١٨

Fawarabbis samaa-i wal ardhi innahuu lahaqqum mitsla maa annakum tanthiquun.

Sejarah para ummat jaman kuna kang anggorohake para Andika Rasul.

24. Muhammad! apa sira wus katekan carita dhayohe Ibrahim kang mulya-mulya, yaiku Malaikat UtusaNe Allah?

٢٤ - هَلْ أَتَىٰكَ حَدِيثُ ضَيْفِ إِبْرَٰهِيمَ الْمُكْرَمِينَ ۝

Hal ataaka hadiitsu dhaifi ibraahiimal mukramiin.

25. Nalikane para Malaikat padha lumebu omahe Ibrahim, lan padha ngucap karaharjan. Ibrahim ngucap: "Panjenengan sadaya satunggaling kaum ingkang kula dereng nate tepang?".

٢٥ - إِذْ دَخَلُوا عَلَيْهِ فَقَالُوا سَلَٰمًا ۖ قَالَ سَلَٰمٌ ۚ قَوْمٌ مُّنكَرُونَ ۝

Idz dakhaluu 'alaihi faqaaluu salaamaa, qaala salaamun, qaumum munkaruun.

26. Ibrahim meneng-meneng nuli methuki garwane, banjur teka maneh karo anggawa daging sapi kang anggajih tur wus mateng.

٢٦ - فَرَاغَ إِلَىٰٓ أَهْلِهِ فَجَآءَ بِعِجْلٍ سَمِينٍ ۝

Faraagha ilaa ahlihii fajaa-a bi'ijlin samiin.

27. Banjur disuguhake marang dhayohe kalawan dimanggakake: „Mangga sami kadhahar!". Ananging ora ana kang gelem dhahar.

٢٧ - فَقَرَّبَهُۥٓ إِلَيْهِمْ قَالَ أَلَا تَأْكُلُونَ ۝

Faqarrabahuu ilaihim qaala alaa ta'kuluun.

28. Ibrahim nuli krasa wedi marang dhayohe. Dhayohe ngucap: "Sampeyan sampun ajrih!". Dheweke banjur padha ambebungah marang Ibrahim bakal kaparingan putra lanang kang pinter!

٢٨ - فَأَوْجَسَ مِنْهُمْ خِيفَةً ۖ قَالُوا لَا تَخَفْ ۖ وَبَشَّرُوهُ بِغُلَٰمٍ عَلِيمٍ ۝

Fa-aujasa minhum khiifatan, qaaluu laa takhaf, wa basysyaruuhu bighulaamin 'aliim.

29. Garwane Ibrahim nuli nyedhak lan anjerit napuki raine dhewe, saka dene bungahe, pangucape: "Kula punika sampun sepuh tur gabug! Punapa inggih badhe gadhah anak?".

٢٩- فَأَقْبَلَتِ امْرَأَتُهُ فِي صَرَّةٍ فَصَكَّتْ وَجْهَهَا وَ قَالَتْ عَجُوزٌ عَقِيمٌ ۝

Fa-aqbalatim-ra-atuhuu fii sharratin fa-shakkat wajhahaa wa qaalat 'ajuuzun 'aqiim.

30. Dhayohe mangsuli: "Allah Pangeran sampeyan sampun andhawuhaken ingkang makaten wau! Panjenenganipun Allah punika ingkang Maha Wicaksana tur Nguningani.

٣٠- قَالُوا كَذَٰلِكِ قَالَ رَبُّكِ ۖ إِنَّهُ هُوَ الْحَكِيمُ الْعَلِيمُ ۝

Qaaluu kadzaaliki qaala rabbuki, innahuu huwal hakiimul 'aliim.

JUZ 27

31. Ibrahim matur marang Malaikat Utusaning Allah: "Punapa menggah perlu ingkang wigatos panjenengan rawuh ing ngriki, dhuh para Utusan?".

٣١- قَالَ فَمَا خَطْبُكُمْ أَيُّهَا الْمُرْسَلُونَ ۝

Qaala famaa khathbukum ayyuhal mursaluun.

32. Para Malaikat mangsuli: "Kula kautus supados numpes dhateng tiyang ingkang duraka, inggih punika kaumipun Luth".

٣٢- قَالُوا إِنَّا أُرْسِلْنَا إِلَىٰ قَوْمٍ مُجْرِمِينَ ۝

Qaaluu innaa ursilnaa ilaa qaumim mujrimiin.

33. Supados kula andhawahi saking sela siti dhateng tiyang duraka wau.

٣٣- لِنُرْسِلَ عَلَيْهِمْ حِجَارَةً مِنْ طِينٍ ۝

Linursila 'alaihim hijaaratam min thiin.

34. Ingkang sampun tinengeran wonten ing ngarsanipun Pangeran sampeyan, kangge tiyang ingkang lampah lelangkungan.

٣٤- مُسَوَّمَةً عِنْدَ رَبِّكَ لِلْمُسْرِفِينَ ۝

Musawwamatan 'inda rabbika lil-musrifiin.

٣٥- فَأَخْرَجْنَا مَنْ كَانَ فِيهَا مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Fa-akhrajnaa man kaana fiihaa minal mu'miniin.

35. Dene para tetiyang Mu'min ing Negari mriku, badhe kula ungsekaken.[939]

٣٦- فَمَا وَجَدْنَا فِيهَا غَيْرَ بَيْتٍ مِّنَ الْمُسْلِمِينَ ۝

Famaa wajadnaa fiihaa ghaira baitim minal muslimiin.

36. Wusana kula boten manggih griya gadhahanipun tiyang Muslim wonten ing ngriku, kajawi griya satunggal.

٣٧- وَتَرَكْنَا فِيهَا آيَةً لِّلَّذِينَ يَخَافُونَ الْعَذَابَ الْأَلِيمَ ۝

Wa taraknaa fiihaa aayatal lilladziina yakhaafuunal 'adzaabal aliim.

37. Siksa wau kula tamtokaken minangka dados tandha yekti wonten ing Negari ngriku, tumrap para tetiyang ingkang sami ajrih ing siksa ingkang nyakiti".

٣٨- وَفِي مُوسَىٰ إِذْ أَرْسَلْنَاهُ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ بِسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ۝

Wa fii muusaa idz arsalnaahu ilaa fir-'auna bisulthaanim mubiin.

38. Lan padha elinga lelakone Musa! tandha yekti kakuwasaning Allah, nalika Musa Ingsun utus marang raja Fir'aun, lan Sun kantheni tandha yekti kang pratela.

٣٩- فَتَوَلَّىٰ بِرُكْنِهِ وَقَالَ سَاحِرٌ أَوْ مَجْنُونٌ ۝

Fatawallaa biruknihii wa qaala saahirun au majnuun.

39. Raja Fir'aun banjur kablinger pikire lan ngucap: "Musa iku tukang sihir, apa wong owah?".

٤٠- فَأَخَذْنَاهُ وَجُنُودَهُ فَنَبَذْنَاهُمْ فِي الْيَمِّ وَهُوَ مُلِيمٌ ۝

Fa-akhadznaahu wa junuudahuu fanabadznaahum fil yammi wahuwa muliim.

40. Fir'aun sawadyabalane nuli Ingsun tumpes, Sun kelem ana ing Segara, luwih dening sengsara!

٤١- وَفِي عَادٍ إِذْ أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمُ الرِّيحَ الْعَقِيمَ ۝

Wa fii 'aadin idz arsalnaa 'alaihimur riihal 'aqiim.

41. Lan uga padha elinga! lelakone kaum 'Aad, yaiku nalikane dheweke Ingsun tiyup lesus gedhe kang ngrusak nyirnakake.

٤٢- مَا تَذَرُ مِن شَيْءٍ أَتَتْ عَلَيْهِ إِلَّا جَعَلَتْهُ كَالرَّمِيمِ ۝

Maa tadzaru min syai-in atat 'alaihi illaa ja'alat-hu karrahiim.

939) **Supados titiyang Mu'min ing Negari wau boten tumut dipun siksa.**

43. Lan maneh padha elinga! lelakone kaum Tsamud, yaiku nalikane didhawuhi sarana dilulu: "Sira padha seneng-senenga nganti sawatara mangsa". 940)

٤٣- وَفِي ثَمُودَ إِذْ قِيلَ لَهُمْ تَمَتَّعُوا حَتَّىٰ حِينٍ ۝

Wa fii tsamuuda idz qiila lahum tamatta'uu hattaa hiin.

44. Ing wasana dheweke banjur padha gumedhe ing parentahing Allah Pangerane, ing kono banjur padha disamber bledheg karo melek-melekan!". 941)

٤٤- فَعَتَوْا عَنْ أَمْرِ رَبِّهِمْ فَأَخَذَتْهُمُ الصَّاعِقَةُ وَهُمْ يَنظُرُونَ ۝

Fa'atau 'an amri rabbihim fa-akhadzat humush shaa'iqatu wahum yanzhuruun.

45. Temahan ora padha bisa ngadeg, sarta ora padha oleh pitulungan.

٤٥- فَمَا اسْتَطَاعُوا مِن قِيَامٍ وَمَا كَانُوا مُنتَصِرِينَ ۝

Famastathaa'uu min qiyaamiw wamaa kaanuu muntashiriin.

46. Ingsun uga wus ngrusak numpes kaume Nuh ing jaman biyen, jalaran satemene wong-wong mau padha fasek sembrana ing Agama!

٤٦- وَقَوْمَ نُوحٍ مِّن قَبْلُ إِنَّهُمْ كَانُوا قَوْمًا فَاسِقِينَ ۝

Wa qauma nuuhim min qablu, innahum kaanuu qauman faasiqiin.

47. Ingsun wus ngedegake Langit kalawan kekuwatanIngsun, sarta wus Ingsun jembarake.

٤٧- وَالسَّمَاءَ بَنَيْنَاهَا بِأَيْدٍ وَإِنَّا لَمُوسِعُونَ ۝

Wassamaa-a banainaahaa bi-aidiw wa innaa lamuusi'uun.

48. Lan maneh Ingsun uga wus anggelar Bumi, pancen Ingsun iku sabecik-becike kang anggelar.

٤٨- وَالْأَرْضَ فَرَشْنَاهَا فَنِعْمَ الْمَاهِدُونَ ۝

Wal ardha farasynaahaa fani'mal maahiduun.

49. Lan Ingsun wus andadekake sarupaning barang, padha jejodhohan! Supaya sira padha ngudiya ing pepeling! 942)

٤٩- وَمِن كُلِّ شَيْءٍ خَلَقْنَا زَوْجَيْنِ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ۝

Wa min kulli syai-in khalaqnaa zaujaini la'allakum tadzakkaruun.

---

940) Sanaosa sami duraka ewa samanten Allah paring kalonggaran sawatawis wekdal.

941) Lan sabagean sanes dipun siksa sarana lindhu ageng, redi njeblug, lan angin prahara utawi sanes-sanesipun.

942) Inggih punika adhedhasar enget bilih wonten rina wonten dalu, wonten sae wonten awon, salajengipun rerakitan wonten Donya wonten Akherat.

50. Mangka sira padha uncata lumayu menyang ngendi bae paranmu, ora wurung sira isih tansah ana ngarsaning Allah, sayekti Ingsun wus anyethakake ing pepelingIngsun marang sira kabeh saka siksaning Allah.

٥٠- فَفِرُّوٓا۟ إِلَى ٱللَّهِ ۖ إِنِّى لَكُم مِّنْهُ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ۝

Fafirruu ilallaah, innii lakum minhu nadziirum mubiin.

51. Lan poma sira aja padha anganggep Pangeran marang saliyane Allah, temen Ingsun wus mratelakake pepelingIngsun marang sira kabeh saka siksaning Allah.[943]

٥١- وَلَا تَجْعَلُوا۟ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ ۖ إِنِّى لَكُم مِّنْهُ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ۝

Walaa taj'aluu ma'allaahi ilaahan aakhara innii lakum minhu nadziirum mubiin.

52. Kaya mangkono mau, uga para wong jaman kuna biyen, saben karawuhan UtusaNe Allah, mesthi padha ngucap: "Utusan iku tukang sihir utawa wong owah!".

٥٢- كَذَٰلِكَ مَآ أَتَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا قَالُوا۟ سَاحِرٌ أَوْ مَجْنُونٌ ۝

Kadzaalika maa atalladziina min qablihim mir-rasuulin illaa qaaluu saahirun au majnuun.

53. Apa wong-wong mau wus padha weling-wineling gunem kang dianggo nguneni UtusaNe Allah? Ora! ananging hiya dheweke iku wus padha dene lacute!

٥٣- أَتَوَاصَوْا۟ بِهِۦ ۚ بَلْ هُمْ قَوْمٌ طَاغُونَ ۝

Atawaashau bihii, bal hum qaumun thaaghuun.

54. Muhammad! sira ngungkurna wong-wong mau, sira ora bakal cinacad![944]

٥٤- فَتَوَلَّ عَنْهُمْ فَمَآ أَنتَ بِمَلُومٍ ۝

Fatawalla 'anhum famaa anta bimaluum.

55. Sira ngelingna marang para manungsa! amarga sanyata pepeling iku banget migunani tumrap wong kang padha Mu'min.

٥٥- وَذَكِّرْ فَإِنَّ ٱلذِّكْرَىٰ تَنفَعُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۝

Wadzakkir fa-innadz dzikraa tanfa'ul mu'miniin.

56. Lan Ingsun ora nitahake jin lan manungsa, kajaba supaya padhe nyembah dhe-dhepe ('ibadah) marang Ingsun.

٥٦- وَمَا خَلَقْتُ ٱلْجِنَّ وَٱلْإِنسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ ۝

Wamaa khalaqtul jinna wal insa illaa liya'buduun.

---

943) **Ayat 50 lan 51 punika dhawuhing Allah supados dipun dumugekaken dhateng tiyang kafir.**

944) **Sanes Nabi s.a.w. ingkang salah lan cinacad, nanging pancen dhasaripun kaum kafir ingkang sami duraka!**

57. Ingsun ora karsa mundhut rezeki saka wong-wong mau, lan Ingsun ora karsa dicaosi dhahar![945)]

٥٧- مَآ أُرِيدُ مِنْهُم مِّن رِّزْقٍ وَمَآ أُرِيدُ أَن يُطْعِمُونِ ٥

Maa uriidu minhum mir-rizqiw wamaa uriidu ay yuth'imuun.

58. Satemene Allah iku Dzat kang paring rezeki, kang kagungan kakuwatan, luwih dening gagah prakosa!

٥٨- إِنَّ اللَّهَ هُوَ الرَّزَّاقُ ذُو الْقُوَّةِ الْمَتِينُ ٥

Innallaaha huwar razzaaqu dzul quwwatil matiin.

59. Sanyata wong kang padha nganiaya iku padha dene karo kanca-kancane wong jaman kuna biyen, anggone padha dibagei siksa, mulane sira aja nyuwun dienggalake siksanIngsun!

٥٩- فَإِنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا ذَنُوبًا مِّثْلَ ذَنُوبِ أَصْحَابِهِمْ فَلَا يَسْتَعْجِلُونِ ٥

Fa-inna lilladziina zhalamuu dzunuubam mitsla dzunuubi ash-haabihim falaa yasta'jiluun.

60. Mula cilaka banget wong kang padha kafir, awit besuk dina Qiyamat bakal nampa siksa kaya kang wus diancamake.

٦٠- فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ كَفَرُوا مِن يَوْمِهِمُ الَّذِي يُوعَدُونَ ٥

Fawailul lilladziina kafaruu miy yaumihimul ladzii yuu'aduun.

***)

---

945) Allah SWT boten ngersakaken dipun caosi sesaji dhahar, kados adat tata cara piyambakipun sami sesaji asung dhahar ing sesembahanipun: para brahala!

***) Intisari lan interkorelasi (sasambetan andharan ingkang manunggil ancas tujuan) ing antawisipun surat Adz Dzaariyaat kalayan surat Ath Thuur (Pagunungan) kenging kaandharaken makaten: 1. Sami dene ambukani surat sarana sumpah ing asma dalem Allah sarta titah ingkang dipun titahaken. 2. Ugi sami-sami anerangaken bilih Gusti Allah punika Wonten, Maha Wasesa, Maha Esa (Sawiji), sarta anerangaken dhawuh dhumateng Rasulullah s.a.w. supados nyingkur tiyang-tiyang musyrik ingkang tekebur kumalungkung! 3. Manawi kabandhing kalayan surat Adz Dzaariyaat, surat Ath Thuur langkung gamblang nerangaken ni'mat ingkang kaparingaken dhumateng tiyang Mu'min, lan siksa Neraka ingkang tamtu kapatrapaken dhateng tiyang kafir lan musyrik benjing ing dinten Qiyamat.

ATH THUUR (PAGUNUNGAN)

Surat kaping 52 : 49 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat As Sajdah.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Demi pagunungan Thursina!

١ - وَالطُّوْرِ ۝

Waththuur.

2. Demi Kitab Suci kang wus katulis.

٢ - وَكِتٰبٍ مَّسْطُوْرٍ ۝

Wa kitaabim masthuur.

3. Katulis ana ing walulang alus kang ginelar.

٣ - فِيْ رَقٍّ مَّنْشُوْرٍ ۝

Fii raqqim mansyuur.

4. Demi Baitul Ma'mur.*)

٤ - وَّالْبَيْتِ الْمَعْمُوْرِ ۝

Wal baitil ma'muur.

5. Demi Langit kang minangka payon, jumeneng ana ing dhuwur.[946]

٥ - وَالسَّقْفِ الْمَرْفُوْعِ ۝

Wassaqfil marfuu'.

---

*) **Baitul Ma'mur punika artosipun Ka'bah. Karana Ka'bah punika rinten dalu tansah ma'mur sarta regeng kaum Muslimin lan Muslimat sami 'Ibadah Tawaf, Shalat, maos Quraan, sacelakipun Ka'bah, langkung-langkung salebetipun 'Ibadah Hajji utawi 'Umrah. Saweneh Jumhur ahli Tafsir anerangaken bilih Baitul Ma'mur punika satunggaling panggenan (sasana) ingkang minulya ing Langit Kapitu, ingkang saben dinten sami sowan ngadhep ing Allah boten kirang saking 70.000 Malaikat.**

6. Demi Segara kang kebak ing jero ana lemahe kang mawa geni! [947]

٦ - وَالْبَحْرِ الْمَسْجُورِ ۝

Wal bahril masjuur.

946) Artosipun makaten: "He kaum Yahudi lan Kristen! Padha elinga kang kaseksenan, Nabi Musa ana ing gunung Thursina nampa Wahyu, sarta ana ngendi bahe wong Bani Israil kang ora gelem iman, bakal kapatrapan siksa! Padha satitekna kanthi jujur, manawa ing Kitabe Nabi Musa kang nyebut rawuhe (Karasulane) Nabi Muhammad, sarta wong musyrik padha elinga, manawa PadalemanIngsun Ka'bah iku makmur (karta raharja) tekaning para manungsa saka bangsa lan papan ngendi bahe, kang sumeja marsudi KarizhanIngsun pribadi! Ingsun paring pangayoman-agung ana ing markaz (pusaraning pimpinan) Nabi Muhammad ing Mekkah Al Mukarromah! Uga padha mikira kamunfa'atane tumitahing Langit lan Bumi; sarta samudera kang katon tansah umob saka dayaning panasing Bumi!".

947) Katerangan sawatawis, dayaning panas Bumi! dening para Sarjana Ahli bangsa Indonesia, sampun dipun hasilaken proyek bahan energi, kabiyantu tenaga Sarjana Ahli lan modal saking Negari Sekabat, kalih panggenan Gas Alam Encer: 1. ing alun-alun Badak, Klaimantan Wetan, 2. ing alun-alun Arun, wilayah Aceh. Saking dayaning panas Bumi wau wonten ilmu tehnologi-modern, kawastanan "Liquefied Natural Gas" utawi LNG. Manawi dipun tandhing kaliyan hasil ing Skilak (Semenanjung Kenai ing Alaska), Aljazair, Brunai lan Libia, ing Arun lan ing Badak punika kalebet ingkang langkung ageng lan ultra modern. Gas Bumi wau perlu dipun enceraken rumiyin sarana suhu asrep sanget, 158 derajat Celcius; tosan waja boten kiyat nanggulangi suhu samanten wau, pramila pipa lan tangki kedah kadamel saking Cryogenic. Makaten ugi baita tanker dipun rancang sarana khusus, adhapuk bal bunder, gangsal cacahipun; ingkang satunggal bal kapasitasipun momot 5.000 M-kubik. Lokasi Gas Bumi Encer ing Badak, Kalimantan Wetan, punika 100 Km saking Samarinda utawi koordinaat 10 Km saking Khatulistiwak, miturut hasil panelitian pancen ideal sae, daerah Teluk Botang (Badak) wau kondisi sitinipun isi fasilitas ageng sanget, ugi Pelabuhan alamipun sae sanget, saged dados darmaga kangge labuhipun baita tanker. Ingkang nalika tanggal 1 Agustus 1977 (momot wiwitan) dumugi akhir April 1978, LNG sampun dipun kapalaken dhateng Jepang 3.696.179 M-kubik, lan kontrakipun dipun sade selebetipun 20 tahun, tahun 1977—1999. Dados ekspor Gas Bumi Encer utawi LNG, saking alun-alun Badak lan Arun, punika proyek Nasional ingkang ageng sanget hasilipun lan ageng sanget tanggel jawabipun. Sintena kemawon ingkang lumebet ing panggenan proyek ngriku kedah ngagem disiplin tata-tertib ingkang kenceng saestu! Ing papan ngriku kaserat: Think safety, tegesipun wajib dipun utamekaken kawilujenganing manungsa! Pepenget punika tumusipun lajeng bablas dumugi pasal 33 ing Undang-Undang Dasar 1945, nomer 3: "Bumi dan air dan kekayaan alam yang terkandung didalamnya dikuasai oleh Negara dan dipergunakan untuk sebesar-besar kemakmuran Rakyat". Sumangga ingkang sami tinanggenah lan kuwajiban sarta wakil-wakil Rakyat, samia sasarengan angratakaken kamanfa'atanipun dhateng Rakyat sadaya!

Manawi sadaya investasi kangge ngekspor LNG saking alun-alun Arun dipun jumlah, wiwit saking wragad damel sumur, instalasi, pipa penyalur, pabrik kangge nyairaken, ngantos baita tanker, lan pelabuhan ingkang nampi ing Negari Jepang (konsumen) lan pabrik ingkang ambangsulaken dados Gas Bumi malih, punika para ahli ngendikakaken boten kirang saking 3.000 Yuta Dollar AS. Para maos, andadosna ing pamirsa bilih Repelita III (1979—1984) badhe dipun wonteni Pusat Tenaga Listrik Air (Toya) 296 MW, PLTU (Uap) 1.780 MW, PLTD (Diesel) 478 MW, PLTP (Panas Bumi, utawi Gas Bumi) 30 MW, PLTM (Mikrohidro) 15 MW, lan Pusat Pembangkit Tenaga Listrik ingkang khusus kaginakaken ing Padhusunan 130 MW. Miturut paniti priksa akhir, padhusunan ingkang merlokaken listrik 49.000 Dhusun. Sadaya kadadosan punika kodrat-iradatipun Allah SWT ingkang tamtu wonten hikmahipun! Kados ingkang kadadosan ing pareden Dieng, mungkin saking panjeblukipun Kawah enggal kalih, satunggal celak Telaga Sinila lan Sumur Jalatundha, satunggalipun malih ugi celak ing ngriku. Panjeblukipun wau ngedalaken gas-racun ingkang niwasaken sadherek 136, makaten ing dinten Selasa tanggal 20 Pebruari 1979, wilayah Kabupaten Wonosobo, Jawi Tengah. Kula aturaken wonten hikmahipun, panjenenganipun Kyai Nukhori, ing Dhusun Kepucukan sakanca atusan Kepala Kulawarga, sami hijrah transmigrasi ing Sumatera, jalaran gangsal Dhusun ing sakanan-keringipun nguwatosi salajengipun. Hikmahipun malih, dening Perusahaan Negari Pertamina, ing nalika tanggal 15 Mei 1979, boten dangu saking kadadosan kasebat, sanesipun sampun manggih pangeburan Sumur Gas Panas Bumi ing Sikidang I, lebetipun 1902 meter, saged ngasilaken 16 megawatt, manggih malih sumur enggal dipun namekaken Sikidang II, ing sacelakipun Telaga Lumut lan Telaga Cebong, lebetipun 1662 meter, kekiyatanipun ageng sanget, inggih punika 200 megaton-detik. Drs. Sukanto Bupati Wonosobo anerangaken, bilih ing Itali kekiyatan 100 megaton-detik, lan ing Kamojang, Jawi Kilen, kekiyatanipun 40 megaton-detik; dados Sikidang II punika ing tahun punika ageng piyambak sa-Donya! (Kantor pawartos Antara). Dados ing Propinsi Jawi Tengah badhe gadhah Pusat Pembangkit Tenaga Listrik saking Gas Panas Bumi, saking peparing lan titipan (amanatipun) allah SWT dhumateng kita sami Bangsa Indonesia.

Dados peparingipun Allah SWT dhumateng kita bangsa Indonesia, ingkang Negarinipun adhedhasar falsafah Pancasila, punika cetha sanget bilih, manfa'ataken lan suka syukur Sih Kani'matan wau dados kuwajiban lan tanggel jawab kita sami. Kita dados jejering ngagesang dados manungsa, boten naklukaken alam, boten! Nanging kita mendhet manfa'atipun alam (peparing lan amanatipun Allah) lan kedah dipun dum radin ingkang sami-sami hak nampi kamakmuran!

Wangsul rembag Gas Bumi ingkang dados bahan-baku pabrik Pupuk Urea ing Palembang (PUSRI), ugi sapunika dados LNG, sanes wekdal dados punapa malih? Miturut pamanggih enggal badhe kathah malih produksinipun. Malah sadaya bahan energi ing Indonesia, lisah bumi, areng sela, panas bumi (geo-thermal), kajeng, panas Surya, lan sanes-sanesipun, wonten malih ingkang wiwit kagarap enggal, inggih punika tenaga nuklir, dening Prof.Dr.A. Baiquni. Miturut andharanipun ilmiyah ing sangajenging "Kursus Orientasi Tenaga Atom bagi Wartawan", bilih ingkang saged anggantosi lisah-bumi ing wekdal ingkang badhe dhateng punika tenaga nuklir, kinten-kinten tahun 2000! Samanten kamajenganipun bangsa Indonesia, sami-sami bebalapan damel tehnologi-modern kangge kamakmuraning Manungsa, adhedhasar strategi Wawasan Nusantara! Wallaahua'lam.

7. Sanyata siksaNe Pangeranira mesthi bakal kelakon.

٧- إِنَّ عَذَابَ رَبِّكَ لَوَاقِعٌ ۝

Inna 'adzaaba rabbika lawaaqi'.

8. Ora ana kang bisa anduwa siksaNe Allah.

٨- مَّا لَهُ مِن دَافِعٍ ۝

Maalahuu min daafi'.

9. Yaiku ing besuk dina Qiyamat, nalikane Langit lumaku mawolak-walik temenan.

٩- يَوْمَ تَمُورُ السَّمَاءُ مَوْرًا ۝

Yauma tamuurus samaa-u mauraa.

10. Gunung-gunung uga padha lumaku kaya dene lebu kang mawur!

١٠- وَتَسِيرُ الْجِبَالُ سَيْرًا ۝

Wa tasiirul jibaalu sairaa.

11. Mula, cilaka banget tumrap wong kang padha maido ing Rasul.

١١- فَوَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ۝

Fawailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

12. Yaiku wong kang padha andrawina seneng-seneng ana ing kebatalan.

١٢- الَّذِينَ هُمْ فِي خَوْضٍ يَلْعَبُونَ ۝

Alladziina hum fii khaudhiy yal'abuun.

13. Ana ing dina iku, wong kafir padha diglandhang menyang Neraka Jahanam.

١٣- يَوْمَ يُدَعُّونَ إِلَىٰ نَارِ جَهَنَّمَ دَعًّا ۝

Yauma yuda''auna ilaa naari jahannama da''aa.

14. Pangandikaning Allah: "Lah, hiya iki Neraka kang padha sira paido".

١٤- هَٰذِهِ النَّارُ الَّتِي كُنتُم بِهَا تُكَذِّبُونَ ۝

Haadzihin naarul latii kuntum bihaa tukadzdzibuun.

15. Mula, apa iki sihir? Utawa, apa sira kabeh iku sing pancen ora sumurup? 948)

١٥- أَفَسِحْرٌ هَٰذَا أَمْ أَنتُمْ لَا تُبْصِرُونَ ۝

Afasihrun haadzaa am antum laa tubshiruun.

948) Punapa tiyang kafir (musyrik) tetep nyriyosaken bilih siksa Neraka punika sihir?

16. Nyemplunga sira kabeh ing Neraka! lan rasakna panase kang anggegirisi, sira sabar utawa ora sabar iku padha bae tumrapira, sanyata sira diwales siksa iku satrep miturut apa kang padha sira tindakake".

١٦- اِصْلَوْهَا فَاصْبِرُوْٓا اَوْ لَا تَصْبِرُوْا سَوَآءٌ عَلَيْكُمْ ۗ اِنَّمَا تُجْزَوْنَ مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Ishlauhaa fashbiruu aulaa tashbiruu, sawaa-un 'alaikum, innamaa tujzauna maa kuntum ta'maluun.

17. Satemene wong kang padha taqwa ing Allah iku padha pinaringan panggonan ing Suwarga sarta kani'matan kang tanpa upama!

١٧- اِنَّ الْمُتَّقِيْنَ فِيْ جَنّٰتٍ وَّنَعِيْمٍ ۝

Innal muttaqiina fii jannaatiw wa na'iim.

18. Wong ahli Suwarga mau padha suka-suka nampa rezeki peparinging Allah Pangerane, sarta padha direksa dening Allah Pangerane saka siksaNe Neraka Jahim .

١٨- فٰكِهِيْنَ بِمَآ اٰتٰىهُمْ رَبُّهُمْ ۚ وَوَقٰىهُمْ رَبُّهُمْ عَذَابَ الْجَحِيْمِ ۝

Faakihiina bimaa aataahum rabbuhum wa waqaahum rabbuhum 'adzaabal jahiim.

19. Pangandikaning Allah: "Sira padha mangan lan ngombea kang enak kepenak, sabab sira wus padha duwe amal shaleh".

١٩- كُلُوْا وَاشْرَبُوْا هَنِيْٓـًٔا ۢ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۙ ۝

Kuluu wasyrabuu hanii-am bimaa kuntum ta'maluun.

20. Dheweke padha sesendhean ana ing kanthil rukma kang ditata becik, lan padha Ingsun paringi bojo Widadari kang blalak-blalak mripate.

٢٠- مُتَّكِـِٕيْنَ عَلٰى سُرُرٍ مَّصْفُوْفَةٍ ۚ وَزَوَّجْنٰهُمْ بِحُوْرٍ عِيْنٍ ۝

Muttaki-iina 'alaa sururim mashfuufatin, wa zawwajnaahum bihuurin 'iin.

21. Dene para wong Mu'min kang duwe turun uga Mu'min, wong iku bakal Ingsun temokake karo anak turune ana ing Suwarga kono! Ingsun datan arsa ngurangi amale wong iku sathithik-thithika, sanyata kabeh wong iku siji-sijine manungsa gumantung amale dhewe-dhewe![949)]

٢١- وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَاتَّبَعَتْهُمْ ذُرِّيَّتُهُمْ بِاِيْمَانٍ اَلْحَقْنَا بِهِمْ ذُرِّيَّتَهُمْ وَمَآ اَلَتْنٰهُمْ مِّنْ عَمَلِهِمْ مِّنْ شَيْءٍ ۗ كُلُّ امْرِئٍۢ بِمَا كَسَبَ رَهِيْنٌ ۝

949) Artosipun putra wayah ingkang sami iman, sanaosa amal-amalipun shaleh boten sami derajat-inggilipun kaliyan Rama-Ibunipun, pokokipun asal iman, Gusti Allah badhe nyamekaken sami derajatipun Rama-Ibunipun, sarana boten ngirangi ganjaraning Rama-Ibunipun. Punika satunggaling Sih-Kamirahanipun Allah SWT, jalaran saben-saben tiyang mesthinipun nampi ganjaran miturut amalipun piyambak!

Walladziina aamanuu wattaba'at-hum dzurriyyatahum bi-iimaanin alhaqnaa bihim dzurriyyatahum wamaa alatnaa-hum min 'amalihim min syai-in, kullum ri-im bimaa kasaba rahiin.

22. Lan Ingsun paringi imbuh woh-wohan lan daging sawernane jenis kang padha di-senengi.

٢٢- وَأَمْدَدْنٰهُمْ بِفَاكِهَةٍ وَّلَحْمٍ مِّمَّا يَشْتَهُوْنَ ۝

Wa amdadnaahum bifaakihatiw wa lah-mim mimmaa yasytahuun.

23. Ana ing Suwarga kono padha genti-genten anglarihake tuwung (gelas) inuman kang ora mendemi, sarta ora ana dosane.

٢٣- يَتَنَازَعُوْنَ فِيْهَا كَأْسًا لَّا لَغْوٌ فِيْهَا وَلَا تَأْثِيْمٌ ۝

Yatanaaza'uuna fiihaa ka'sal laa laghwun fiihaa walaa ta'tsiim.

24. Lan padha diladeni dening bocah-bocahe wong Mu'min, kang bagusing rupane lir pendah Mutiara kang diupakara sarwa becik.

٢٤- وَيَطُوْفُ عَلَيْهِمْ غِلْمَانٌ لَّهُمْ كَأَنَّهُمْ لُؤْلُؤٌ مَّكْنُوْنٌ ۝

Wa yathuufu 'alaihim ghilmaanul lahum ka-annahum lu'lu'-m maknuun.

25. Sarta saweneh karo sawenehe padha adhep-adhepan sinambi padha takon-tinakon.

٢٥- وَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلٰى بَعْضٍ يَّتَسَآءَلُوْنَ ۝

Wa aqbala ba'dhuhum 'alaa ba'dhiy yatasaa-aluun.

26. Pangucape kabeh: "Satemene kita kabeh iku dhek biyen ana tengah-tengahing kulawarga kita kabeh padha wedi marang siksa".

٢٦- قَالُوْٓا اِنَّا كُنَّا قَبْلُ فِيْٓ اَهْلِنَا مُشْفِقِيْنَ ۝

Qaaluu innaa kunnaa qablu fii ahlinaa musyfiqiin.

27. Karana iku Allah banjur paring kanugrahan marang kita kabeh, sarta panjenengaNe ngreksa kita kabeh saka siksa kang banget panase.

٢٧- فَمَنَّ اللّٰهُ عَلَيْنَا وَوَقٰىنَا عَذَابَ السَّمُوْمِ ۝

Famannallaahu 'alainaa wawaqaanaa 'a-dzaabas samuum.

28. Sanyata kita kabeh biyen padha nyembah dhedhepe (ibadah) marang Pan-jenengaNe, satemene PanjenengaNe iku Dzat kang tansah ambeciki tur Maha Asih".

٢٨- اِنَّا كُنَّا مِنْ قَبْلُ نَدْعُوْهُ اِنَّهٗ هُوَ الْبَرُّ الرَّحِيْمُ ۝ ع

Innaa kunnaa min qablu tad'uuhu, innahuu huwal barrur rahiim.

٢٩- فَذَكِّرْ فَمَآ اَنْتَ بِنِعْمَتِ رَبِّكَ بِكَاهِنٍ وَّلَا مَجْنُوْنٍ ۝

Paring panduwaning Allah tumrap guneman ngayawara saka wong musyrik.

29. Muhammad sira ngelingna para manungsa! karana paring ni'mating Allah marang sira, sira iku dudu juru tenung, lan sira dudu wong owah.

Fadzakkir famaa anta bini'mati rabbika bikaahiniw walaa majnuun.

30. Balik wong kafir padha ngucap: "Muhammad iku juru sya'ir kang dak sarantekake hengga samatine.

٣٠-اَمْ يَقُوْلُوْنَ شَاعِرٌ نَّتَرَبَّصُ بِهٖ رَيْبَ الْمَنُوْنِ ۝

Am yaquuluuna syaa'irun natarabbashu bihii raibal manuun.

31. Dhawuha sira Muhammad: "Sira padha angantekna patiku, aku uga angantekake patinira bebarengan sira kabeh".

٣١-قُلْ تَرَبَّصُوْا فَاِنِّيْ مَعَكُمْ مِّنَ الْمُتَرَبِّصِيْنَ ۝

Qul tarabbashuu fa-innii ma'akum minal mutarabbishiin.

32. Wong kafir padha ngucap kang mangkono mau, apa saka akal-pikirane, apa sabab dheweke mau padha lacut?

٣٢-اَمْ تَاْمُرُهُمْ اَحْلَامُهُمْ بِهٰذَآ اَمْ هُمْ قَوْمٌ طَاغُوْنَ ۝

Am ta'muruhum ahlaamuhum bihaadzaa am hum qaumun thaaghuun.

33. Utawa dheweke malah padha ngucap: "Quraan iku harak gaweyane Muhammad dhewe". Ora mangkono, awit satemene dheweke iku ora padha iman.

٣٣-اَمْ يَقُوْلُوْنَ تَقَوَّلَهٗ ۚ بَلْ لَّا يُؤْمِنُوْنَ ۝

Am yaquuluuna taqawwalahuu bal laa yu'minuun.

34. Mara padha nekakna kalimat kang madhani Quraan iku, yen wong kafir iku padha temen.

٣٤-فَلْيَاْتُوْا بِحَدِيْثٍ مِّثْلِهٖٓ اِنْ كَانُوْا صٰدِقِيْنَ ۝

Falya'tuu bihadiitsim mitslihii in kaanuu shaadiqiin.

35. Wong-wong iku harak dititahake dening Allah tanpa conto (bakal), lah apa dheweke bisa gegawean tanpa conto (bakal)?

٣٥-اَمْ خُلِقُوْا مِنْ غَيْرِ شَيْءٍ اَمْ هُمُ الْخٰلِقُوْنَ ۝

Am khuliquu min ghairi syai-in am humul khaaliquun.

36. Apa dheweke padha bisa gawe Langit lan Bumi. Satemene wong-wong iku padha ora yakin.

٣٦-اَمْ خَلَقُوا السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ ۚ بَلْ لَّا يُوْقِنُوْنَ ۝

Am khalaqus samaawaati wal ardha bal laa yuuqinuun.

37. Apa wong-wong iku dipasrahi gedhong-rajabrananing Allah Pangeranira, lah kok dheweke bisa misesa miturut sakarepe.[950]

٣٧- اَمْ عِنْدَهُمْ خَزَآئِنُ رَبِّكَ اَمْ هُمُ الْمُصَيْطِرُوْنَ ۝

Am 'indahum khazaa-inu rabbika am humul mushaithiruun.

38. Utawa dheweke duwe andha kanggo munggah menyang Langit supaya bisa ngrungokake wisiking Allah marang Malaikat bab-bab kang ghaib? Mara wong kang wus padha krungu iku nekakna tandha yekti kang nyata.

٣٨- اَمْ لَهُمْ سُلَّمٌ يَّسْتَمِعُوْنَ فِيْهِ ۚ فَلْيَاْتِ مُسْتَمِعُهُمْ بِسُلْطٰنٍ مُّبِيْنٍ ۝

Am lahum sullamuy yastami'uuna fiih, falya'ti mustami'uhum bishulthaanim mubiin.

39. Lan apa bener Allah kagungan putra wadon, nanging sira padha duwe anak lanang?

٣٩- اَمْ لَهُ الْبَنٰتُ وَلَكُمُ الْبَنُوْنَ ۝

Am lahul banaatu walakumul banuun.

40. Muhammad, wong kafir padha kabotan malebu Islam iku apa padha sira pundhuti bayaran temahan banjur kapitunan?

٤٠- اَمْ تَسْـَٔلُهُمْ اَجْرًا فَهُمْ مِّنْ مَّغْرَمٍ مُّثْقَلُوْنَ ۝

Am tas-aluhum ajran fahum mim maghra mim mutsqaluun.

41. Apa dheweke padha duwe 'ilmu barang ghaib, nuli bisa nyatheti.[951]

٤١- اَمْ عِنْدَهُمُ الْغَيْبُ فَهُمْ يَكْتُبُوْنَ ۝

Am 'indahumul ghaibu fahum yaktubuun.

---

950) Suraosing ayat: 35—37 makaten : punapa para manungsa punika boten menggalih sarana logika ingkang logis, bilih sadaya titah (makhluk) punika rumiyinipun boten wonten, lajeng kaparenging karsanipun Allah ngawontenaken titah (manungsa) wau, saupami boten makaten, punapa piyambakipun ingkang ngawontenaken badanipun piyambak? Bumi-Langit lan saisinipun terang sampun maujud (sampun wonten), manawi sadaya wau sanes Allah SWT ingkang karya (anitahaken tanpa conto saderengipun), lah punapa manungsa ingkang damel Bumi-Langit saisinipun? Ing mangka manungsa damel semut satunggal kemawon boten saged! Manawi kapenggalih jujur lan bares, manungsa saged damel pirantos motret, tilpun, televisi, telex, aeroplane lan baita, punika sadaya nyonto karya tumitahipun mripat, kuping, lesan, peksi lan ulam. Manawi kabablasaken panalitining Khazanah utawi pagedhongan-raja brananipun Allah (warni-warnining ilmu lan makhlukipun Allah) saestu ratio lan dayaning rasa, cipta, lan karya manungsa punika sampun wonten pola-dhasaripun, ingkang sampun gumelar ing takdir-Iradatipun Allah ingkang Maha kuwaos wonten ing Bumi-Langit saisinipun!

Saestu amung manungsa-budaya ingkang saged anggayuh gesang taqwa ing Allah, iman sarta 'amal shaleh wonten ing alam Donya, kangge kawilujenganipun benjing ing gesang Akherat.

Inggih suraosing ayat kados kasebat punika sawenehipun sistim theologi ing syari'at Islam, ingkang kaampil dening Junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.

951) Utawi piyambakipun wau saged nyatheti ilmu ghaib saking Lauhil Mahfuzh, ingkang nglebetipun nerangaken bilih benjing badhe boten dipun tangekaken saking kubur, gesang malih, lajeng boten estu dipun siksa Neraka Jahanam?

42. Utawa, apa karepe wong-wong iku gawe paekan? Satemene wong-wong kafir iku kang bakal kena paekan.

٤٢- أَمْ يُرِيدُونَ كَيْدًا ۖ فَالَّذِينَ كَفَرُوا هُمُ الْمَكِيدُونَ ۝

Am yuriiduuna kaidaa, falladziina kafaruu humul makiiduun.

43. Utawa, apa dheweke padha duwe Pangeran saliyane Allah? Maha Suci Allah saka brahala kang padha dianggep sekuthu.

٤٣- أَمْ لَهُمْ إِلَٰهٌ غَيْرُ اللَّهِ ۚ سُبْحَانَ اللَّهِ عَمَّا يُشْرِكُونَ ۝

Am lahum ilaahun ghairullaah, subhaanallaahi 'ammaa yusyrikuun.

44. Manawa wong kafir weruh Langit iku gempal arep nibani wong-wong mau, nuli dheweke padha ngucap: "Iku harak mendhung kandel", ing mangka sajatine siksa![952]

٤٤- وَإِن يَرَوْا كِسْفًا مِّنَ السَّمَاءِ سَاقِطًا يَقُولُوا سَحَابٌ مَّرْكُومٌ ۝

Wa-iy yarau kisfam minas samaa-i saaqithay yaquuluu sahaabum markuum.

45. Muhammad, ujanen bae wong-wong iku! kareben nganti kelakon padha katemu karo dina dirusake wong kafir kabeh.

٤٥- فَذَرْهُمْ حَتَّىٰ يُلَاقُوا يَوْمَهُمُ الَّذِي فِيهِ يُصْعَقُونَ ۝

Fadzarhum hattaa yulaaquu yaumahumul ladzii fiihiyush'aquun.

46. Yaiku ing dina Qiyamat, kang pangreka dayane wong-wong mau ora maedahi babar pisan, sarta ora bakal oleh pitulung kamenangan.

٤٦- يَوْمَ لَا يُغْنِي عَنْهُمْ كَيْدُهُمْ شَيْئًا وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ۝

Yauma laa yughnii 'anhum kaiduhum syai-aw walaa hum yunsharuun.

47. Lan satemene wong-wong kang padha nganiaya bakal kapatrapan siksa kang liya, seje karo siksa mau, ananging akeh-akehe ora padha mangerti.

٤٧- وَإِنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا عَذَابًا دُونَ ذَٰلِكَ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Wa-inna lilladziina zhalamuu 'adzaaban duuna dzaalika walaakinna aktsarahum laa ya'lamuun.

٤٨- وَاصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ فَإِنَّكَ بِأَعْيُنِنَا ۖ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ حِينَ تَقُومُ ۝

---

952) Supados dados tandha yekti manawi Agami Islam punika Agami ingkang leres, piyambakipun (kafir Mekkah) nate nyuwun bukti supados sabagean Langit dipun gempal supados nyiksa ndhawahi tiyang kathah. Saupami punika dipun kabulaken lan piyambakipun nekseni, tamtu piyambakipun tetep boten iman! Malah sami wicanten: "Iku harak mung mendhung kandel!".

Laku kang utama sarta prihatin yaiku sabar, shalat bengi lan maca tasbih utawa do'a ing wayah bengi.

48. Lan sira sabara marang hukum pa-pesthene Pangeranira, sanyata sira Muham-mad, iku ana ing asta panguwasanIngsun, mula sira padha nucekna kalawan muji asma dalem Allah (maca tasbih) nalika sira tangi saka turu![953)]

Washbir lihukmi rabbika fa-innaka bi-a'yuninaa wa sabbih bihamdi rabbika hiina taquum.

49. Lan sira maha nyucekna marang asma dalem Pangeranira ana ing saperanganing wayah bengi, lan nalikane Lintang wus padha surup, yaiku wektu fajar!

٤٩- وَمِنَ الَّيْلِ فَسَبِّحْهُ وَإِدْبَارَ النُّجُومِ ۝

Wa minal laili fasabbih-hu wa idbaaran nujuum.

***)

---

953) Lampah utami utawi prihatos punika lampah ingkang tansah laras kaliyan 'ibadah lan nyuwun pitulung ing Allah piyambak sarana sabar lan tasbih ing Allah, rinten-dalu! Wungu sareing wekdal dalu, shalat tahujjud lan maos Quraan. Ugi nglestantunaken tansah maos tasbih ing nalika badhe kekesahan, rapat, nyambut damel, kuliah lan sanes-sanesipun. Tiyang Mu'min dipun dhawuhi tansah dzikir (enget) ing Allah punika supados ngekahaken imanipun sarta adamel tentrem, jenjem, teteg, sarta padhang ing manahipun. Dhawuhing Al-Quraan: "Walad-zikrullaahi akbar!". Lan sayekti dzikir ing Allah mau gedhe banget ganjarane lan faedahe!

***) Benten malih analisa kita nyuraos intisari lan interkorelasi (sasambetan andharan ingkang manunggil ancas tujuan) saking surat Ath Thuur kalayan surat An Najm (Trenggana utawa Lintang) ing antawisipun nerangaken makaten: 1. Surat An Najm kawiwitan sarana anyebat Trenggana utawi Lintang, dene ing surat Ath Thuur nyebatipun Lintang wonten pungkasan surat. 2. Ing surat Ath Thuur nerangaken bilih Rasulullah s.a.w. dipun dakwa tiyang kafir lan musyrik ingkang damel (ngarang) Al Quraan, dene wonten surat An Najm anerangaken bilih Al Quraan punika Wahyu (Kalamullah) ingkang dipun ampil Malaikat Jibril dhumateng Kanjeng Nabi s.a.w. ing salebetipun 22 tahun 2 wulan 22 dinten.

AN NAJM (LINTANG)

Surat kaping 53 : 62 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 23 kawahyokake ana ing Madinah. Diturunake sawuse surat Al Ikhlaash.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Demi Lintang nalikane surup!

١ - وَالنَّجْمِ اِذَا هَوٰى ۙ

Wannajmi idzaa hawaa.

2. Kang dadi kancanira Muhammad, iku ora sasar lan ora luput piandele.

٢ - مَا ضَلَّ صَاحِبُكُمْ وَمَا غَوٰى ۚ

Maa dhalla shaahibukum wamaa ghawaa.

3. Lan Muhammad iku ora ngucapake Quraan saka hawa nafsune.

٣ - وَمَا يَنْطِقُ عَنِ الْهَوٰى ؕ

Wamaa yanthiqu 'anil hawaa.

4. Ananging Quraan kang diucapake iku wahyu kang katurunake marang Muhammad.

٤ - اِنْ هُوَ اِلَّا وَحْيٌ يُّوْحٰى ۙ

In huwa illaa wahyun yuuhaa.

5. Kang mulangake marang Muhammad iku Malaikat Jibril kang kuwat banget.

٥ - عَلَّمَهٗ شَدِيْدُ الْقُوٰى ۙ

'Allamahuu syadiidul quwaa.

6. Kang nduweni kakuwatan, banjur Malaikat Jibril mau ngejawantah kanthi sampurna, rupa Malaikat kang asli.

٦ - ذُوْ مِرَّةٍ ؕ فَاسْتَوٰى ۙ

Dzuu mirratin, fastawaa.

7. Yaiku nalika ana ing pejajahan ufuk kang dhuwur.

٧ - وَهُوَ بِالْاُفُقِ الْاَعْلٰى ؕ

Wahuwa bil ufuqil a'laa.

8. Malaikat banjur tumurun, nyedhaki caket marang Muhammad.

٨ - ثُمَّ دَنَا فَتَدَلّٰى ۙ

Tsumma danaa fatadallaa.

9. Nganti kira-kira cedhake mung ana rong bengkeluke gendhewa, rong dhepa, utawa malah luwih cerak maneh.

٩ - فَكَانَ قَابَ قَوْسَيْنِ اَوْ اَدْنٰى ۚ

Fakaana qaaba qausaini au adnaa.

10. Malaikat Jibril banjur nurunake wahyuning Allah marang kawulaNe, Muhammad.

١٠ - فَاَوْحٰٓى اِلٰى عَبْدِهٖ مَآ اَوْحٰى ؕ

Fa-auhaa ilaa 'abdihii maa auhaa.

11. Atine Muhammad ora maido marang kahanan kang wus disumurupi, sawantahe Jibril.

١١ - مَا كَذَبَ الْفُؤَادُ مَا رَاٰى ۝

Maa kadzabal fu-aadu maa ra-aa.

12. Apa sira maido ing perkara kang disumurupi, he musyrik Mekkah?

١٢ - اَفَتُمٰرُوْنَهٗ عَلٰى مَا يَرٰٓى ۝

Afatumaaruunahuu 'alaa maa yaraa.

13. Ing mangka, yekti Muhammad iku sumurup Jibril sawantahe ana ing wektu (panggonan) liya.

١٣ - وَلَقَدْ رَاٰهُ نَزْلَةً اُخْرٰى ۙ

Walaqad ra-aahu nazlatan ukhraa.

14. Yaiku ana ing Sidratul Muntaha, nalika Mi'raj Nabi.

١٤ - عِنْدَ سِدْرَةِ الْمُنْتَهٰى ۝

'Inda sidratil muntahaa.

15. Uga ana ing Suwarga kono, sasana panggonane wong Mu'min kang padha taqwa.

١٥ - عِنْدَهَا جَنَّةُ الْمَاْوٰى ؕ

'Indahaa jannatul ma'waa.

16. Muhammad sumurup Jibril nalika Sidratul Muntaha kasaput dening sawijining barang kang nglimputi.

١٦ - اِذْ يَغْشَى السِّدْرَةَ مَا يَغْشٰى ۙ

Idz yaghsyas sidrata maa yaghsyaa.

17. Paningale Muhammad ora menceng nanging tansah mandeng lan ora nglirik marang liyane.

١٧ - مَا زَاغَ الْبَصَرُ وَمَا طَغٰى ۝

Maa zaaghal basharu wamaa thaghaa.

18. Sanyata Muhammad wus weruh tandha yekti panguwasane Pangeran kang Agung.

١٨ - لَقَدْ رَاٰى مِنْ اٰيٰتِ رَبِّهِ الْكُبْرٰى ۝

Laqad ra-aa min aayaati rabbihil kubraa.

19. Lah apa patut sira wong-wong musyrik mangeran Al Lata lan Al Uzza,

١٩ - أَفَرَءَيْتُمُ اللَّٰتَ وَالْعُزَّىٰ ۝

Afara-aitumul laata wal 'uzzaa.'

20. Lan uga Manah kang katelu, sing ina neloni marang liyane (dianggep anak-anake wadon Allah?).

٢٠ - وَمَنَوٰةَ الثَّالِثَةَ الْأُخْرَىٰ ۝

Wa manaatats tsaalitsatal ukhraa.

21. Apa patut sira padha milih duwe anak lanang, lan sira ngarani yen putrane Allah iku wadon?

٢١ - أَلَكُمُ الذَّكَرُ وَلَهُ الْأُنثَىٰ ۝

Alakumudz dzakaru walahul untsaa.

22. Kang mangkono iku, panduman kang ora adil.[954]

٢٢ - تِلْكَ إِذًا قِسْمَةٌ ضِيزَىٰٓ ۝

Tilka idzan qismatun dhiizaa.

23. Ora liya, brahala telu mau, kajaba jeneng-jeneng kang sira lan leluhurira padha nyebut-nyebut menehi aran brahala telu iku. Allah ora nurunake tandha yekti kang terang tumrap perkara iku, ora ana liya kang dianut dening wong-wong iku kajaba panyana kang disenengi atine dhewe. Lan sanyata wus teka marang wong-wong mau pituduhe Allah Pangerane.

٢٣ - إِنْ هِىَ إِلَّآ أَسْمَآءٌ سَمَّيْتُمُوهَآ أَنتُمْ وَءَابَآؤُكُم مَّآ أَنزَلَ اللَّهُ بِهَا مِن سُلْطَٰنٍ ۚ إِن يَتَّبِعُونَ إِلَّا الظَّنَّ وَمَا تَهْوَى الْأَنفُسُ ۖ وَلَقَدْ جَآءَهُم مِّن رَّبِّهِمُ الْهُدَىٰٓ ۝

In hiya illaa asmaa-un sammaitumuuhaa antum wa aabaa-ukum maa anzalallaahu bihaa min sulthaan, iy-yattabi'una illazh zhanna wamaa tahwal anfus, walaqad jaa-ahum mir-rabbihimul hudaa.

24. Utawa apa manungsa iku mesthi keturutan apa kang dikarepake?

٢٤ - أَمْ لِلْإِنسَٰنِ مَا تَمَنَّىٰ ۝

Am lil insaani maa tamannaa.

25. Ora! Sabab kabeh perkara iku ana astaning Allah, perkara Akherat lan perkara Donya!

٢٥ - فَلِلَّهِ الْءَاخِرَةُ وَالْأُولَىٰ ۝

Falillaahil aakhiratul uulaa.

---

954) **Suraosing ayat: 19—22 punika anerangaken musyrikin Mekkah boten gadhah penggalihan adil. Piyambakipun boten sami remen gadhah anak estri, sami dipun pejahi. Kenging punapa brahalanipun sami dipun namekaken estri, kadosta: Al Lata, Al 'Uzza, lan Nanah. Tiyang musyrik ing jaman modern punika inggih boten gadhah manah adil; buktinipun dhumateng Allah ingkang nitahaken piyambakipun sarta alam Jagad-raya, boten sami shalat (sujud, manembah lan dhedhepe) ing Allah SWT, ananging dhateng brahala lan lampah kemusyrikan lan tahayyul sarta hurafat malah sami mempeng! Punapa boten nami deksura ing Allah??!**

Allah duka marang wong musyrik kang nyuwun syafa'at marang Malaikat.

26. Lan pira bae akehe Malaikat kang ana ing Langit, syafa'ate ora maedahi sithik-sithika, kajaba sawuse Allah paring idzin marang wong kang dikarsakake sarta wus dililani.

٢٦- وَكَمْ مِّنْ مَّلَكٍ فِي السَّمٰوٰتِ لَا تُغْنِيْ شَفَاعَتُهُمْ شَيْئًا اِلَّا مِنْۢ بَعْدِ اَنْ يَّاْذَنَ اللّٰهُ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيَرْضٰى ۝

Wa kam mim malakin fis-samaawaati laa tughnii syafaa'atuhum syai-an illaa mim ba'di ay ya'dzanallaahu limay yasyaa-u wa yardhaa.

27. Satemene wong kang ora iman ing Akherat iku wus padha njuluki marang para Malaikat sarana aran wadon.

٢٧- اِنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ لَيُسَمُّوْنَ الْمَلٰٓئِكَةَ تَسْمِيَةَ الْاُنْثٰى ۝

Innalladziina laa yu'minuuna bil aakhirati layusammuunal malaa-ikata tasmiyatal untsaa.

28. Anggone padha menehi aran wadon marang para Malaikat iku ora kanthi 'ilmu, dheweke iku ora padha manut, kajaba mung panyana, ing mangka panyana iku ora bisa nyakup barang bener sithik-sithika!

٢٨- وَمَا لَهُمْ بِهٖ مِنْ عِلْمٍ اِنْ يَّتَّبِعُوْنَ اِلَّا الظَّنَّ ۚ وَاِنَّ الظَّنَّ لَا يُغْنِيْ مِنَ الْحَقِّ شَيْـًٔا ۝

Wamaa lahum bihii min 'ilmin, iy-yattabi'uuna illazh zhanna, wa innazh zhanna laa yughnii minal haqqi syai-aa.

29. Muhammad ! sira ngungkurna saka wong-wong kang malengos saka Pepeling-Ingsun, lan ora ngarepi, kajaba panguripan Donya.

٢٩- فَاَعْرِضْ عَنْ مَّنْ تَوَلّٰى ۙ عَنْ ذِكْرِنَا وَلَمْ يُرِدْ اِلَّا الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا ۝

Fa-a'ridh 'am man tawallaa 'an dzikrinaa walam yurid illal hayaatad dunyaa.

30. Pantoging pangertiane wong-wong iku mung ana panguripan Donya kono thok. Sanyata Pangeranira iku luwih Nupiksani marang wong kang padha sasar saka dalaNe, lan Nguningani wong kang oleh pituduh.

٣٠- ذٰلِكَ مَبْلَغُهُمْ مِّنَ الْعِلْمِ ۭ اِنَّ رَبَّكَ هُوَ اَعْلَمُ بِمَنْ ضَلَّ عَنْ سَبِيْلِهٖ ۚ وَهُوَ اَعْلَمُ بِمَنِ اهْتَدٰى ۝

Dzaalika mablaghuhum minal 'ilmi, inna rabbaka huwa a'lamu biman dhalla 'an sabiilihii wa huwa a'lamu bimanihtadaa.

Wong kang padha rumeksa saka dosa gedhe, Allah paring pangapura lan piwales becik.

31. Lan barang kang ana ing Langit sarta Bumi iku kabeh kagungaNe Allah, Allah

٣١- وَلِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۙ لِيَجْزِيَ

bakal males wong kang padha ala lakone kalawan apa tumindake, lan bakal paring ganjaran marang wong kang padha becik tindake kalawan ganjaran kang luwih dening becik.

الَّذِيْنَ اَسَآءُوْا بِمَا عَمِلُوْا وَيَجْزِيَ الَّذِيْنَ اَحْسَنُوْا بِالْحُسْنٰى ۚ ۝

Wa lillaahi maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi liyajriyal ladzii asaa-uu bimaa 'amiluu wa yaiziyal ladziina ahsanuu bil husnaa.

32. Ana dene wong kang padha nyingkiri dosa gedhe lan panggawe ala, sanajana dheweke isih nindakake dosa kang sepele, yaiku dosa cilik bakal ginantungan ing pangapuraning Allah. Sanyata Pangeranira iku jembar pangapuraNe, PanjenengaNe Nupiksani sira kabeh ing nalika sira tumitah saka lemah, lan nalika sira dadi bayi ana ing widungane Ibunira, mulane sira aja nganggep suci ing awakira, PanjenengaNe Ngawuningani marang wong kang taqwa ing PanjenengaNe.

٣٢- اَلَّذِيْنَ يَجْتَنِبُوْنَ كَبٰٓئِرَ الْاِثْمِ وَالْفَوَاحِشَ اِلَّا اللَّمَمَ ۭ اِنَّ رَبَّكَ وَاسِعُ الْمَغْفِرَةِ ۭ هُوَ اَعْلَمُ بِكُمْ اِذْ اَنْشَاَكُمْ مِّنَ الْاَرْضِ وَاِذْ اَنْتُمْ اَجِنَّةٌ فِيْ بُطُوْنِ اُمَّهٰتِكُمْ ۚ فَلَا تُزَكُّوْٓا اَنْفُسَكُمْ ۭ هُوَ اَعْلَمُ بِمَنِ اتَّقٰى ۝

Alladziina yajtanibuu kabaa-iral itsmi wal fawaahisya illal lamama, inna rabbaka waasi'ul maghfirah, huwa a'lamu bikum idz ansya-akum minal ardhi wa-idz antum ajinnatun fii buthuuni ummahaatikum, falaa tuzakkuu anfusakum huwa a'lamu bimanittaqaa.

Wong kang anggorohake kabeneran bakal lebur tanpa dadi, marga saka aboting tanggungjawabe manungsa ing amale.

33. Muhammad, apa sira sumurup wong kang malengos saka Al Quraan?

٣٣- اَفَرَءَيْتَ الَّذِيْ تَوَلّٰى ۝

Afara-aital ladzii tawallaa.

34. Dheweke iku wong kumet, gelem weweh nanging mung sathithik banget!

٣٤- وَاَعْطٰى قَلِيْلًا وَّاَكْدٰى ۝

Wa a'thaa qaliilaw wa-akdaa.

35. Apa dheweke duwe 'ilmu ghaib, sahengga dheweke weruh ghaibe Allah!

٣٥- اَعِنْدَهٗ عِلْمُ الْغَيْبِ فَهُوَ يَرٰى ۝

A'indahuu 'ilmul ghaibi fahuwa yaraa.

36. Utawa, apa wong mau durung dicaritani parintaHe Allah kang kaweca ing Kitab kang diampil Musa,

٣٦- اَمْ لَمْ يُنَبَّاْ بِمَا فِيْ صُحُفِ مُوْسٰى ۝

Am lam yunabba-u bimaa fii shuhufi muusaa.

37. Lan Kitab kang diampil Ibrahim kang tansah angestokake dhawuhing Allah kalawan ganep.

٣٧- وَإِبْرٰهِيمَ الَّذِي وَفّٰى ۝

Wa ibraahiimal ladzii waffaa.

38. Dhawulle Allah mau, sanyata wong kang dosa iku ora bisa gendhong dosane wong liya.

٣٨- أَلَّا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِّزْرَ أُخْرٰى ۝

Allaa taziru waaziratuw wizra ukhraa.

39. Lan ora ana kang piguna tumrap manungsa, kajaba ganjaran ngamal kang dilakoni dhewe![955)]

٣٩- وَأَنْ لَّيْسَ لِلْإِنْسَانِ إِلَّا مَا سَعٰى ۝

Wa-allaisa lil insaani illaa maa sa'aa.

40. Lan sanyata apa lakune manungsa iku bakal diweruhake marang dheweke.

٤٠- وَأَنَّ سَعْيَهُ سَوْفَ يُرٰى ۝

Wa-anna sa'yahuu saufa yuraa.

41. Nuli bakal diparingi piwales marang dheweke sarana piwales kang luwih dening sampurna.

٤١- ثُمَّ يُجْزٰىهُ الْجَزَاءَ الْأَوْفٰى ۝

Tsumma yujzaahul jazaa-al aufaa.

42. Lan sanyata karampungane samubarang iku mung marang Pangeranira.

٤٢- وَأَنَّ إِلٰى رَبِّكَ الْمُنْتَهٰى ۝

Wa anna ilaa rabbikal muntahaa.

43. Lan satemene hamung PanjenengaNe kang andamel manungsa iku bisa angguyu lan nangis.

٤٣- وَأَنَّهُ هُوَ أَضْحَكَ وَأَبْكٰى ۝

Wa annahuu huwa adh-haka wa abkaa.

44. Lan satemene hamung PanjenengaNe kang mateni sarta nguripi.

٤٤- وَأَنَّهُ هُوَ أَمَاتَ وَأَحْيَا ۝

Wa annahuu huwa amaata wa ahyaa.

45. Lan satemene hamung PanjenengaNe kang nitahake jodho, antarane lanang lan wadon.

٤٥- وَأَنَّهُ خَلَقَ الزَّوْجَيْنِ الذَّكَرَ وَالْأُنْثٰى ۝

Wa annahuu khalaqaz zaujainidz dzakara wal untsaa.

---

955) Sampun 14 abad laminipun, Al Quraan ngaturaken "deklarasi Donya" bilih prinsip hak asasi manungsa punika: 1. Dosa punika namung kapikul tiyang ingkang nglampahi dosa, ingkang boten nglampahi dosa inggih resik saking dosa! 2. Tiyang ingkang nindakaken amal shaleh (kasaenan) tamtu badhe nampi ganjaran saking Allah SWT, ingkang boten amal kasaenan inggih boten nampi ganjaran. Geseh utawi nyleweng saking prinsip kasebat, sanes piwucal Islam! Makaten suraosipun ayat: 38–39 kasebat, ringkes nanging gamblang.

46. Saka mani, nalika diuncratake,

٤٦- مِنْ نُّطْفَةٍ إِذَا تُمْنٰى ۝

Min nuthfatin idzaa tumnaa.

47. Lan sanyata hamung PanjenengaNe kang namtokake bakal anane kadadean liya, yaiku anane ditangekake saka kubur, sawuse mati; urip maneh!

٤٧- وَأَنَّ عَلَيْهِ النَّشْأَةَ الْأُخْرٰى ۝

Wa anna 'alaihin nasy-atal ukhraa.

48. Lan satemene hamung PanjenengaNe Pangeran kang paring sugih lan cukup,

٤٨- وَأَنَّهُ هُوَ أَغْنٰى وَأَقْنٰى ۝

Wa annahuu huwa aghnaa wa aqnaa.

49. Lan sanyata hamung PanjenengaNe iku Pangeran kang nitahake Lintang Syi'ra.[956]

٤٩- وَأَنَّهُ هُوَ رَبُّ الشِّعْرٰى ۝

Wa annahuu huwa rabbusy syi'raa.

50. Lan satemene hamung PanjenengaNe kang nyirnakake kaum 'Aad kang wiwitan (kuna),

٥٠- وَأَنَّهُ أَهْلَكَ عَادًا الْأُولٰى ۝

Wa annahuu ahlaka 'aada(ni)l uulaa.

51. Lan kaum Tsamud, mangka ora ana wong siji bae kang ditinggal isih urip.

٥١- وَثَمُودَا فَمَا أَبْقٰى ۝

Wa tsamuuda famaa abqaa.

52. Lan maneh wus nyirnakake kaume Nuh jaman biyen, jalaran wong-wong mau banget zhalime lan luwih anggone sasar-susur.

٥٢- وَقَوْمَ نُوحٍ مِّنْ قَبْلُ إِنَّهُمْ كَانُوا هُمْ أَظْلَمَ وَأَطْغٰى ۝

Wa qauma nuuhim min qablu innahum kaanuu hum azhlama wa athfaa.

53. Lan uga PanjenengaNe wus ngrusak wong-wong Mu'tafikah, negarane kaum Luth, kalawan diwalik Bumine,

٥٣- وَالْمُؤْتَفِكَةَ أَهْوٰى ۝

Walmu'tafikata ahwaa.

54. Nuli Allah matrapake siksa gedhe kang nungkep, katemahan ketungkep.

٥٤- فَغَشّٰهَا مَا غَشّٰى ۝

Faghasysyaahaa maa ghasysyaa.

---

956) **Lintang Syi'ra** punika katingal nyremomong ing wanci Katiga (benter ingkang sanget), lan dening saweneh tiyang musyrik, sami kaanggep Pangeran ingkang dipun sembah lan dipun suwuni pitulung.

55. Sabab dening apa, teka sira padha mamang marang kani'matan pepariNge Pangeranira?

٥٥- فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكَ تَتَمَارَىٰ ٥

Fabi-ayyi aalaa-i rabbika tatamaaraa.

56. Muhammad iki, ewone para juru pepeling, kang wus padha Ingsun utus paring pepeling dhuk jaman kuna.

٥٦ - هَٰذَا نَذِيرٌ مِّنَ النُّذُرِ الْأُولَىٰ ٥

Haadzaa nadziirum minan nudzuril uulaa

57. Wus cedhak tekane dina Qiyamat.

٥٧- أَزِفَتِ الْآزِفَةُ ٥

Azifatil aazifah.

58. Ora ana kang bisa ambuka, nyirnakake siksa kajaba Allah.

٥٨ - لَيْسَ لَهَا مِن دُونِ اللَّهِ كَاشِفَةٌ ٥

Laisa lahaa min duunillaahi kaasyifah.

59. Lah apa sira padha eram marang pawartane Quraan iki?

٥٩- أَفَمِنْ هَٰذَا الْحَدِيثِ تَعْجَبُونَ ٥

Afamin haadzal hadiitsi ta'jabuun.

60. Lan sira banjur padha ngguyu bae, lan ora nangis.

٦٠- وَتَضْحَكُونَ وَلَا تَبْكُونَ ٥

Wa tadh-hakuuna walaa tabkuun.

61. Lan sira tansah padha sembrana.

٦١- وَأَنتُمْ سَامِدُونَ ٥

Wa antum saamiduun.

62. Mula saka iku, he para manungsa! Sira padha sujud lan nyembaha marang Allah.[957]

٦٢ فَاسْجُدُوا لِلَّهِ وَاعْبُدُوا ٥

Fasjuduu lillaahi wa'buduu

***)

957) Suraosing ayat: 59—62 makaten : Tiyang musyrik manawi mireng Al Quraan dipun waos gancar lan gamblang, malah sami nyepelekaken anggegujeng, sinis sanget! Manahipun boten trenyuh mirengaken piwucal iman, taqwa, amal shaleh, lan gesang rukun ing bebrayan; malah damelipun usrak-usrek damel gendra (karisakan ing Donya) koordinasi lan integrasi kaliyan syetan ingkang dhasaripun kafir, kumalungkung, bekasaan, lan mecah-belah sarta nguwaosi (divide et impera!), sarta manawi sampun kuwaos lajeng damel maksiyatan ageng-agengan lan karisakan ing pundi-pundi papan (risak akhlak, risak ekonomi, lan risak karukunan bebrayan). Pramila tiyang-tiyang ingkang iman lan taqwa ing Allah, samiya ingkang kenceng iman lan 'ibadahipun, sujud, nenuwun lan dhedhepe amung dhumateng Allah piyambak. Gusti Allah tamtu badhe paring hidayah lan taufik, ing Donya dumugining Akherat!

***) Sasambetaning andharan ingkang nunggil ancas tujuan (interkorelasi) lan intisari saking surat An Najm kalayan surat Al Qamar (Candra utawi Rembulan) saged kagerba makaten: 1. Wonten ing surat An Najm katut dipun rembag sagrabyasan sejarahipun para ummat jaman kina, manawi wonten surat Al Qamar dalah para Rasul ingkang dipun paiben ugi katerangaken tambah gamblangipun. 2. Bab dinten Qiyamat ing surat Al Qamar kasebat ing awal, dene wonten ing surat An Najm kasebat ing akhir piyambak.

AL QAMAR (CANDRA)

Surat kaping 54 : 55 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 44, 45 lan 46 kawahyokake ana ing Madinah, diturunake sawuse surat Ath Thaariq.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Wus cedhak tekaning dina Qiyamat, lan Candra/rembulan 958) wus sigar, nalika Rasulullah disuwuni mu'jizat dina Qiyamat.

١ - اِقْتَرَبَتِ السَّاعَةُ وَانْشَقَّ الْقَمَرُ ۝

Iqtarabatis saa'atu wansyaqqal qamar.

2. Manawa wong-wong musyrik (kafir) ndeleng mu'jizating Allah, dheweke padha malengos sarta ngucap: "Iku sihir kang nggegirisi!"

٢ - وَاِنْ يَّرَوْا اٰيَةً يُّعْرِضُوْا وَيَقُوْلُوْا سِحْرٌ مُّسْتَمِرٌّ ۝

Wa-iy yarau aayatay yu'ridhuu wa yaquuluu sihrum mustamir.

3. Lan dheweke padha nggorohake Nabi lan nguja hawa nafsune. Sakabehing perkara iku bakal tumeka ing katamtuan wekasane.

٣ - وَكَذَّبُوْا وَاتَّبَعُوْٓا اَهْوَآءَهُمْ ۭ وَكُلُّ اَمْرٍ مُّسْتَقِرٌّ ۝

Wa kadzdzabuu wattaba'uu ahwaa-ahum wa kullu amrim mustaqir.

4. Lan temen wus teka marang wong-wong mau carita lelakone wong kuna kang padha tinumpes rusak jalaran maido Utusan, kang benere ngapokake wong kafir.

٤ - وَلَقَدْ جَاۗءَهُمْ مِّنَ الْاَنْۢبَاۗءِ مَا فِيْهِ مُزْدَجَرٌ ۝

Walaqad jaa-ahum minal ambaa-i maa fiihi muzdajar.

5. Yaiku hikmah kawicaksanaNing Allah kang sampurna. Nanging sakehing pepeling ora bisa maedahi tumrap wong kafir kabeh.

٥ - حِكْمَةٌۢ بَالِغَةٌ ۡ فَمَا تُغْنِ النُّذُرُ ۝

Hikmatum baalighatun famaa tughnin nudzur.

958) Suraosing ayat punika, bilih tembung „Saa't" ateges: kadadosanipun dinten Qiyamat, utawi wekdal risakipun kaum musyrikin lan sigaripun Rembulan (Candra) ingkang ing wekdal samanten ugi katingal saking Negari Cina, punika saweneh mu'jizatipun andika Nabi s.a.w. Mu'jizat punika pangeram-eram saking kodrat-iradatipun Allah SWT kaparingaken dhateng Nabi utawi Rasul, perlu dados bukti sah Utusanipun, lan ngawonaken sadaya ingkang maiben. Khusus baitanipun Nabi Nuh a.s. punika mu'jizat, makaten ugi Nabi Ibrahim a.s. boten mempan ka obong ing alun-alun Babelon, Nabi 'Isa a.s. saged nyarasaken tiyang wuta lan anggesangaken tiyang pejah, Nabi Musa a.s. tekenipun saged miyakaken Seganten-Abrit dados margi, sarta Nabi Muhammad s.a.w. kaparingan mu'jizat ageng lan abadi, inggih punika Kitab Suci Al Quraan. Miturut katerangan ingkang mu'tamad saking para Ahli Tafsir, bilih mu'jizat kabage kalih: Hissiyyah ingkang kapirsanan dening pancadriya utawi mripat sapiturutipun, kados Rembulan sigar, Seganten dados margi ageng, lan sapanunggilanipun, lan Ma'nawiyyah ingkang boten saged dipun pirsani dening mripat limrah! Ingkang saged namung ginayuh kanthi dayaning 'akal sehat, fikiran limpat, lan raos alus utawi kacekak „hati nurani manusa", ingkang ing antawisipun saged dhong anggayuh wewadosipun aturan-aturan lan lampahipun, sarta asal dumadosipun 'Alam Jagad Raya sa-isinipun sadaya. Pramila 'akal lan budi budaya manungsa ingkang iman lan amal sholeh, sarana izin lan takdiring Gusti Allah, saged mangertosi lan manfa'ataken hikmah mu'jizatipun Nabi s.a.w. ingkang jumlahipun boten saged kawical, saking kathahipun. Sabab punapa? Jalaran kaleresanipun piwucal Al Quraan ingkang abadi dumugi akhir jaman punika, abad demi abad, (kurun demi kurun) ambuktekaken kaleresanipun piwucal Islam ingkang Duniawi lan Ukhrawi. Lan kita ummat Islam yakin, sayakin-yakinipun bilih Gusti Allah SWT piyambak ingkang tetep ngreksa murni lan wetahipun Al Quraan, salaminipun! Sumangga borong para sutrisna menggalih salajengipun, wallaahu a'lam!
(Mirsanana Kitab Tarikh Islam, anggitanipun Suwargi Kyai Haji Munawar Cholil, kaca 1342).

٦ - فَتَوَلَّ عَنْهُمْ يَوْمَ يَدْعُ الدَّاعِ إِلَىٰ شَيْءٍ نُّكُرٍ ۝

Fatawalla 'anhum yauma yad'ud daa'i ilaa syai-in nukur.

6. Mula, sira Muhammad malengosa saka wong-wong kafir, besuk ing dina Qiyamat nalikane wus ana pangundanging Malaikat Israfil kang ngundang-undang, marang sawijining siksa kang durung tau diweruhi uwong"

٧ - خُشَّعًا أَبْصَارُهُمْ يَخْرُجُونَ مِنَ الْأَجْدَاثِ كَأَنَّهُمْ جَرَادٌ مُّنتَشِرٌ ۝

Khusysya'an abshaaruhum yakhrujuuna minal ajdaatsi ka-annahum jaraadum muntasyir.

7. Padha mantheng pandelenge, pating gremet padha metu saka kubur, pating glasah kaya walang sumebar!

٨ - مُّهْطِعِينَ إِلَى الدَّاعِ ۖ يَقُولُ الْكَافِرُونَ هَٰذَا يَوْمٌ عَسِرٌ ۝

Muh-thi'iina ilad daa'i, yaquulul kaafiruuna haadzaa yaumun 'asir.

8. Padha ririkatan rebut dhisik, ngandekani pangundange Malaikat, pangucape wong kafir: "Dina iki, dina kangelan temenan".

Tumpes tapising kaum Nuh a.s.

٩ - كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ فَكَذَّبُوا عَبْدَنَا وَقَالُوا مَجْنُونٌ وَازْدُجِرَ ۝

Kadzdzabat qablahum qaumu nuuhin fakadzdzabuu 'abdanaa wa qaaluu majnuunuw wazdujir.

9. Dhuk ing kuna sadurunge wong kafir Mekkah, kaum Nuh wus tau maido, anggorohake marang Nuh kawulanIngsun, pangucape: "Nuh iku wong owah", kaum Nuh mau nundhung sarana ngancam kawulan-Ingsun.

١٠ - فَدَعَا رَبَّهُ أَنِّي مَغْلُوبٌ فَانتَصِرْ ۝

Fada'aa rabbahuu annii maghluubun fantashir.

10. Nuh banjur ndonga marang ngarsa-Ning Pangerane: "Kawula punika tansah dipun kawonaken, mugi Paduka paring pitulung".

١١ - فَفَتَحْنَا أَبْوَابَ السَّمَاءِ بِمَاءٍ مُّنْهَمِرٍ ۝

Fafatahnaa abwaabas samaa-i bimaa-im munhamir.

11. Ingsun banjur ambukakake lawanging Langit, nggrujugake banyu esok-esokan,

١٢ - وَفَجَّرْنَا الْأَرْضَ عُيُونًا فَالْتَقَى الْمَاءُ عَلَىٰ أَمْرٍ قَدْ قُدِرَ ۝

12. Lan akeh sumber-sumbering Bumi padha Ingsun bedhah, ing wusana sakarone banyu saka Langit lan saka Bumi anempuh dadi siji, nganakake siksa Ning Allah kang wus pinasthi.

Wa fajjarnal ardha 'uyuunan faltaqal maa-u 'alaa amrin qad qudir.

13. Nuh Ingsun tunggangake ing prahu kang saka blabag kang kanthi dipantek!

١٣- وَحَمَلْنٰهُ عَلٰى ذَاتِ اَلْوَاحٍ وَّدُسُرٍ ۝

Wa hamalnaahu 'alaa dzaati alwaahiw wa dusur.

14. Salakuning prahu tansah ana ing pangawasaNingsun, lan siksa kang kaya mangkono iku dadi piwalese wong-wong kafir.

١٤- تَجْرِيْ بِاَعْيُنِنَا جَزَآءً لِّمَنْ كَانَ كُفِرَ ۝

Tajrii bi-a'yuninaa jazaa-al liman kaana kufir.

15. Lan prahu mau Ingsun tamtokake dadi tandha piwulang, sapa bahe kang gelem nurut, becik padha ngalapa pitutur!

١٥- وَلَقَدْ تَّرَكْنٰهَآ اٰيَةً فَهَلْ مِنْ مُّدَّكِرٍ ۝

Walaqad taraknaahaa aayatan fahal mim muddakir.

16. Lan kapriye kahanane siksanIngsun sawuse wong iku padha Ingsun paringi pepeling!

١٦- فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِيْ وَنُذُرِ ۝

Fakaifa kaana 'adzaabii wa nudzur.

17. Lan temen Ingsun wus anggampangake Quraan kanggo ngelengake, lah sapa ta kang gelem ngalap pepelinging Quraan?

١٧- وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْاٰنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِنْ مُّدَّكِرٍ ۝

Walaqad yassarnal qur-aana lidzdzikri fahal mim muddakir.

Sirna gempang kaum 'Aad

18. Kaum 'Aad uga wus padha anggorohake marang para UtusanIngsun, saeba rekasane siksaningSun kang Sun patrapake, sawuse padha Ingsun elingake.

١٨- كَذَّبَتْ عَادٌ فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِيْ وَنُذُرِ ۝

Kadzdzabat 'aadun fakaifa kaana 'adzaabii wa nudzur.

19. Ingsun wus ngutus angin gedhe marang kaum 'Aad mau, midid terus-terusan ana ing dina kang ora amberkahi (gawe cilaka).

١٩- اِنَّآ اَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِيْحًا صَرْصَرًا فِيْ يَوْمِ نَحْسٍ مُّسْتَمِرٍّ ۝

Innaa arsalnaa 'alaihim riihan shar-sharan fii yaumi nahsim mustamir.

20. Angin kang kuwat ngoncalake manungsa, banjur padha pating glimpang tibane kaya wit kurma kang dijeboli.

٢٠- تَنْزِعُ النَّاسَ كَاَنَّهُمْ اَعْجَازُ نَخْلٍ مُّنْقَعِرٍ ۝

Tanzi'un naasa ka-annahum a'jaazu nakk lim munqa'ir.

21. Lah kapriye kedadeyane siksanIngsun sawuse wong iku padha Ingsun paringi pepeling!

٢١- فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ۝

Fakaifa kaana 'adzaabii wa nudzur.

22. Lan yekti Ingsun wus anggampangake Quraan kanggo pepeling, lah sapa kang gelem ngalap pepeling piwulanging Quraan!

٢٢- وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْآنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِن مُّدَّكِرٍ ۝

Walaqad yassarnal qur-aana lidzdzikri fahal mim muddakir.

Tumpes tapis kaum Tsamud

23. Kaum Tsamud wus padha maido marang para UtusanIngsun kang ngelengake marang dheweke.

٢٣- كَذَّبَتْ ثَمُودُ بِالنُّذُرِ ۝

Kadzdzabat tsamuudu binnudzur.

24. Mangkene pangucape wong-wong mau: "Apa aku kabeh wong samene kehe iki dikon manut wong siji, yen mangkono aku kabeh banjur katut sasar lan gendheng.

٢٤- فَقَالُوا أَبَشَرًا مِّنَّا وَاحِدًا نَّتَّبِعُهُ إِنَّا إِذًا لَّفِي ضَلَالٍ وَسُعُرٍ ۝

Faqaaluu abasyaram minnaa waahidan nattabi'uhuu innaa idzal lafii dhalaaliw wa su'ur.

25. Lah apa hiya dheweke dhewe kang tampa wahyu, kang mangka dheweke mung wong lumrah, aku wong samene kehe iki kok ora tampa, malah dheweke iku tukang goroh tur gumedhe!" 959)

٢٥- أَأُلْقِيَ الذِّكْرُ عَلَيْهِ مِن بَيْنِنَا بَلْ هُوَ كَذَّابٌ أَشِرٌ ۝

A-ulqiyadz dzikru 'alaihi mim baininaa bal huwa kadzdzaabun asyir.

26. Besuk wong-wong kaya mangkono mau bakal padha sumurup dhewe, sapa wonge kang tukang goroh tur gumedhe iku.

٢٦- سَيَعْلَمُونَ غَدًا مَّنِ الْكَذَّابُ الْأَشِرُ ۝

Saya'lamuuna ghadam manil kadzdzaabul asyir.

27. PangandikaNe Allah marang Nabi Shaleh: "Sanyata Ingsun wus maringi unta wadon, minangka mu'jizat, marang kaum Tsamud dadi pandadar. Sira disabar bahe lan ngantekna kaumira wong Tsamud sing padha sasar.

٢٧- إِنَّا مُرْسِلُو النَّاقَةِ فِتْنَةً لَّهُمْ فَارْتَقِبْهُمْ وَاصْطَبِرْ ۝

Innaa mursilun naaqati fitnatal lahum fartaqibhum wash-thabir.

---

959) Manawi Allah paring wahyu dhumateng Nabi Saleh a.s., kenging punapa boten dhateng kaum Tsamud ugi paring wahyu? sarta sami ndakwa Nabi Saleh punika tukang goroh tur tekebur!

28. Lan kandhanana wong-wong iku, yen banyu sumber iku digilirake antarane wong-wong perdesan kono karo unta wadon mau. Kang kena nekani banyu kudu kang bener-bener tampa giliran".

٢٨- وَنَبِّئْهُمْ أَنَّ الْمَاءَ قِسْمَةٌ بَيْنَهُمْ ۖ كُلُّ شِرْبٍ مُّحْتَضَرٌ ۝

Wa nabbi'hum annal maa-a qismatum bainahum, kullu syirbim muhtadhar.

29. Wong-wong mau banjur ngundang kancane, 960) nuli nyekel unta wadon mau terus disembeleh.

٢٩- فَنَادَوْا صَاحِبَهُمْ فَتَعَاطَىٰ فَعَقَرَ ۝

Fanaadau shaahibahum fata'aathaa fa-'aqar.

30. Mangka kapriye kahanane siksanIngsun sawuse Ingsun paringi pepeling marang wong iku!

٣٠- فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ۝

Fakaifa kaana 'adzaabii wa nudzur.

31. Ingsun wus ngutus Malaikat Jibril marang wong-wong mau, metak sapisan bae, dumadakan wong-wong mau banjur padha anjrebabah ndhepani lemah, kaya suket kang diidak-idak.

٣١- إِنَّا أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ صَيْحَةً وَاحِدَةً فَكَانُوا كَهَشِيمِ الْمُحْتَظِرِ ۝

Innaa arsalnaa 'alaihim shaihataw waahidatan fakaanuu kahasyiimil muhtazhir.

32. Lan yekti, temen Ingsun wus anggampangake Quraan, kanggo pepeling, he manungsa, apa ana kang gelem ngalap pepeling iku?

٣٢- وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْآنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِن مُّدَّكِرٍ ۝

Walaqad yassarnal qur-aana lidzdzikri fahal mim muddakir.

Kaum Luth sirna dening pokale dhewe kang ala.

33. Kaum Luth uga wus maido marang UtusanIngsun kang aweh pepeling marang dheweke!

٣٣- كَذَّبَتْ قَوْمُ لُوطٍ بِالنُّذُرِ ۝

Kadzdzabat qaumu luuthin binnudzur.

34. Ingsun banjur ngudani watu marang kaum Luth ana ing wayah sahur, hamung Luth sakulawargane kang Ingsun slamaetake.

٣٤- إِنَّا أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ حَاصِبًا إِلَّا آلَ لُوطٍ ۖ نَّجَّيْنَاهُم بِسَحَرٍ ۝

Innaa arsalnaa 'alaihim haashiban illaa aala luuthin, najjainaahum bisahar.

960) **Sabab piyambakipun wau sami ajrih nerak wewalering Allah, ingkang dipun dumugekaken dening Nabi Saleh, lajeng ndhatengaken kancanipun tiyang bekasakan ingkang sadis. Sareng dhateng mbekta pedhang lajeng mejahi unta estri, ingkang dados mu'jizatipun Nabi Saleh a.s. Siksa pidana ukumanipun kaum Tsamud (ingkang aken lan ingkang ngleksanakaken kengkenan wau) sami ukum pidananipun, siksa ing Donya lan benjing ing Akherat.**

35. Kang mangkono iku, minangka ni'mat peparingIngsun. Lah kaya mangkono iku anggonIngsun angganjar marang wong kang gelem syukur.

٣٥- نِعْمَةً مِّنْ عِنْدِنَا كَذٰلِكَ نَجْزِيْ مَنْ شَكَرَ ۝

Ni'matam min 'indinaa, kadzaalika najzii man syakar.

36. Lan temen Luth wus ngelingake bakal pasiksanIngsun marang kaume, dheweke nuli padha goroh-gorohake Utusan kang ngelingake iku.

٣٦- وَلَقَدْ اَنْذَرَهُمْ بَطْشَتَنَا فَتَمَارَوْا بِالنُّذُرِ ۝

Walaqad andzarahum bath-syatanaa fatamaarau binnudzur.

37. Lan temen wong-wong iku wus padha mbujuk Luth supaya masrahake tamune arep diajak liwath, (zina padha lanang) marang para Malaikat dhayohe, mula banjur Ingsun gawe wuta mripate, dhawuhIngsun: "Mara rasakna siksanIngsun kang wus diancamake!"

٣٧- وَلَقَدْ رَاوَدُوْهُ عَنْ ضَيْفِهٖ فَطَمَسْنَآ اَعْيُنَهُمْ فَذُوْقُوْا عَذَابِيْ وَنُذُرِ ۝

Walaqad raawaduuhu 'an dhaifihii fathamasnaa a'yunahum fadzuuquu 'adzaabii wa nudzur.

38. Lan temen siksaning Allah tumurun marang kaum Luth ana ing wayah esuk umun-umun.

٣٨- وَلَقَدْ صَبَّحَهُمْ بُكْرَةً عَذَابٌ مُّسْتَقِرٌّ ۝

Walaqad shabbahahum bukratan 'adzaabum mustaqir.

39. Pangandikaning Allah: "Sira padha ngrasakna siksanIngsun kang wus Ingsun elingake!"

٣٩- فَذُوْقُوْا عَذَابِيْ وَنُذُرِ ۝

Fadzuuquu 'adzaabii wa nudzur.

40. Lan yekti, temen Ingsun wus anggampangake Quraan, kanggo pepeling, he manungsa! Lah apa ana kang gelem ngalap pepeling iku?

٤٠- وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْاٰنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِنْ مُّدَّكِرٍ ۝

Walaqad yassarnal qur-aana lidzdzikri fahal mim muddakir.

Fir'aun lebur tanpa dadi dening tumindake pribadi.

41. Lan sanyata raja Fir'aun sakulawargane wus padha karawuhan Rasul juru pepeling".

٤١- وَلَقَدْ جَآءَ اٰلَ فِرْعَوْنَ النُّذُرُ ۝

Walaqad jaa-a aala fir'aunan nudzur.

42. Dheweke padha maido Ayat-Ayat-Ingsun kabeh, ing wusana banjur Ingsun

٤٢- كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا كُلِّهَا فَاَخَذْنٰهُمْ اَخْذَ عَزِيْزٍ مُّقْتَدِرٍ ۝

patrapi siksa kaya patrapane Ratu kang duwe kamenangan tur gedhe panguwasane.

Kadzdzabuu bi-aayaatinaa kullihaa fa-akhadznaahum akhdza 'aziizim muqtadir

Pepeling marang wong musyrik, yen dheweke iku ora luwih digdaya tinimbang wong kuna!

43. He Muhammad! apa umatira sing kafir iku luwih becik tinimbang kaum Fir'aun (luwih digdaya tinimbang wong kuna), utawa apa sira wong kafir wus katulis ana ing Kitabe Allah diluputake saka siksa?

٤٣- أَكُفَّارُكُمْ خَيْرٌ مِّنْ أُولَٰئِكُمْ أَمْ لَكُمْ بَرَاءَةٌ فِي الزُّبُرِ ۝

Akuffaarukum khairum min ulaa-ikum am lakum baraa-atun fiz zubur.-

44. Utawa, wong-wong kafir mau malah angucap: "Aku sakanca kang wus sagolong gilig iki kang oleh kamenangan".

٤٤- أَمْ يَقُولُونَ نَحْنُ جَمِيعٌ مُّنتَصِرٌ ۝

Am yaquuluuna nahnu jamii'um muntashir.

45. Golongane wong kafir mesthi bakal dikalahake, lan padha ninggal gelanggang acolong playu ana madyaning palagan!

٤٥- سَيُهْزَمُ الْجَمْعُ وَيُوَلُّونَ الدُّبُرَ ۝

Sayuhzamul jam'u wa yuwalluunad dubur.

46. Balik satemene siksaning Allah kang wus diancamake marang wong-wong kafir besuk dina Qiyamat iku luwih ambilaheni lan luwih pahit lan luwih getir! 961)

٤٦- بَلِ السَّاعَةُ مَوْعِدُهُمْ وَالسَّاعَةُ أَدْهَىٰ وَأَمَرُّ ۝

Balis saa'atu mau'iduhum wassaa'atu ad-haa wa amar.

Piwales tumrap wong kang dosa, sarta ganjaran tumrap wong kang taqwa!

47. Sanyata wong-wong kang padha dosa iku ana ing sajerone sasar, lan manggon ana ing Neraka Sa'ir.

٤٧- إِنَّ الْمُجْرِمِينَ فِي ضَلَالٍ وَسُعُرٍ ۝

Innal mujrimiina fii dhalaaliw wa su'ur.

48. Besuk ana ing dina tapuking Qiyamat nalika iku rai-raine wong kang padha kafir diseret menyang Neraka, pangandikaning

٤٨- يَوْمَ يُسْحَبُونَ فِي النَّارِ عَلَىٰ وُجُوهِهِمْ ذُوقُوا مَسَّ سَقَرَ ۝

961) Siksaning Allah wau ugi awujud kasengseripun wadyabala musyrik ing palagan Badr, ingkang kaserat ing Tarikh, situasi pahit sakelangkung pahit-getir nandhang kasoran perang lan nemahi karisakan ageng, makaten Ahli Tafsir nerangaken.

Allah: "Sira padha ngrasakna ndumuk Neraka Saqar!"

Yauma yus-habuuna finnaari 'alaa wujuuhihim, dzuuquu massa saqar.

49. Sayekti Ingsun nitahake samubarang iku kanthi papesthen:

٤٩- إِنَّا كُلَّ شَيْءٍ خَلَقْنَٰهُ بِقَدَرٍ ۝

Innaa kulla syai-in khalaqnaahu biqadar.

50. Lan ora ana dhawuhIngsun nitahake barang iku, kajaba mung saucapan kaya kedheping netra!"

٥٠- وَمَآ أَمْرُنَآ إِلَّا وَٰحِدَةٌ كَلَمْحٍۭ بِٱلْبَصَرِ ۝

Wamaa amrunaa illaa waahidatun kalamhin bil basyar.

51. Lan Ingsun yekti wus nyirnake kabeh kang padha karo sira ing kekafirane! Lan sapa kang gelem ngalap pepeling saka wong-wong iku?

٥١- وَلَقَدْ أَهْلَكْنَآ أَشْيَاعَكُمْ فَهَلْ مِن مُّدَّكِرٍ ۝

Walaqad ahlaknaa asy-yaa'akum fahal mim muddakir.

52. Lan samubarang kang wus dilakoni dening wong-wong mau wus dilebokake ing buku cathetan ngamal.

٥٢- وَكُلُّ شَيْءٍ فَعَلُوهُ فِى ٱلزُّبُرِ ۝

Wa kullu syai-in fa'aluuhu fizzubur.

53. Gedhe cilik wus katulis kabeh, ana ing Lauhil Mahfudz.

٥٣- وَكُلُّ صَغِيرٍ وَكَبِيرٍ مُّسْتَطَرٌ ۝

Wa kullu shaghiiriw wa kabiirim mustathar.

54. Sanyata wong-wong kang padha taqwa marang Allah iku padha manggon ana ing Suwarga, kang akeh kaline!

٥٤- إِنَّ ٱلْمُتَّقِينَ فِى جَنَّٰتٍ وَنَهَرٍ ۝

Innal muttaqiina fii jannaatiw wa nahar.

55. Yaiku endoning sidik sing tementinemenan ana ing Ngarsaning Allah, Nata kang kagungan panguwasa!

٥٥- فِى مَقْعَدِ صِدْقٍ عِندَ مَلِيكٍ مُّقْتَدِرٍۢ ۝

Fii maq'adi shidqin 'inda maliikim muqtadir.

***).

***) Intisari lan interkorelasi (sesambetan andharan ingkang manunggi ancas tujuan) ing antawisipun surat Al Qamar lan surat Ar Rahman (Dzat kang Maha Murah) kenging kaandharaken makaten: Surat Al Qamar anyebataken siksa ingkang kapatrapaken dhateng ummat ingkang maiben kafir ing para Andika Nabi, dene wonten ing surat Ar Rahman anerangaken bilih ni'mating Allah kaparingaken sadaya Kawulanipun, ananging sakedhik ingkang nyukuri peparing wau!

AR RAHMAAN (DZAT KANG MAHA MURAH)

Surat kaping 55 : 78 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat Ar Ra'du.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Allah iku kang Maha Murah.

١ - اَلرَّحْمٰنُ ○

Arrahmaan.

2. Kang wus paring wulang Kitab Al Quraan.

٢ - عَلَّمَ الْقُرْاٰنَ ○

'Allamal qur-aan.

3. PanjenengaNe kang wus nitahake manungsa.

٣ - خَلَقَ الْاِنْسَانَ ○

Khalaqal insaan.

4. Sarta wus paring pituduh manungsa bisa mangerti ing basa, bisa caturan!

٤ - عَلَّمَهُ الْبَيَانَ ○

'Allamahul bayaan.

5. Surya lan Candra iku wus katamtokake sarana etungan patitis,

٥ - اَلشَّمْسُ وَالْقَمَرُ بِحُسْبَانٍ ○

Asysyamsu wal qamaru bihusbaan.

6. Lan tethukulan sarta kekayon padha sumungkem ing Allah. 962)

٦ - وَّالنَّجْمُ وَالشَّجَرُ يَسْجُدٰنِ ○

Wannajmu wasysyajaru yas-judaan.

---

962) **Tumitahing Rawikara, Ratih, lan sadaya planit ingkang lumampah ajeg ing falak ubenganipun, sarta tetuwuhan mawarni-warni mangsa, rupi lan raosipun punika, ateges sumungkemipun 'alam jagad raya ing ngarsa dalem Allah SWT. Dados tehnis manembahipun beda kaliyan manungsa ingkang tehnisipun ambudaya dados syari'at agami, inggih punika 'ibadah Syahadat, Shalat, Zakat, Shiyam, Haji sarta amal shaleh sanesipun.**

7. Lan Allah wus andamel Langit sap pitu ana ing dhuwur, lan PanjenengaNe andokokake traju kaadilan. 963)

٧- وَالسَّمَآءَ رَفَعَهَا وَوَضَعَ الْمِيْزَانَ ۝

Wassamaa-a rafa'ahaa wawadha'al miizaan.

8. Supaya sira aja padha leluwihan tumrap perkara traju.

٨- اَلَّا تَطْغَوْا فِى الْمِيْزَانِ ۝

Allaa tath-ghau fil miizaan.

9. Lan sira padha ngetrepana adil ing timbangan, lan aja sira kurangi!

٩- وَاَقِيْمُوا الْوَزْنَ بِالْقِسْطِ وَلَا تُخْسِرُوا الْمِيْزَانَ ۝

Wa aqiimul wazna bil qis-thi walaa tukhsirul miizaan.

10. Lan Allah uga wus nitahake Bumi kang dienggoni para manungsa.

١٠- وَالْاَرْضَ وَضَعَهَا لِلْاَنَامِ ۝

Wal ardha wadha'ahaa lil anaam.

11. Ing Bumi kono ana woh-wohane lan wit kurma kang ana manggare (angkupe).

١١- فِيْهَا فَاكِهَةٌ ۙ وَّالنَّخْلُ ذَاتُ الْاَكْمَامِ ۝

Fiihaa faakihatuw wannakhlu dzaatul akmaam.

12. Lan ana wiji kang padha garing godhonge, lan kembang kang wangi gandane.

١٢- وَالْحَبُّ ذُو الْعَصْفِ وَالرَّيْحَانُ ۝

Wal habbu dzul 'ashfi warraihaan.

13. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

١٣- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

14. PanjenengaNe wus nitahake manungsa saka lemah kang garing kaya wingka.

١٤- خَلَقَ الْاِنْسَانَ مِنْ صَلْصَالٍ كَالْفَخَّارِ ۝

---

963) **Traju kaadilan ing Langit sap pitu ingkang nganggrang wonten ing nginggil punika ilmu „balance power" utawi traju-imbangan ing salebeting winadosipun 'alam Cosmology (ilmu ingkang tansah nyinau „nature of the World as an organized whole"). Kadosta tumitah kodratipun planit maewu-ewu ing alam jagad raya punika, satunggal planit dhateng planit sanesipun gadhah daya tarik-tinarik, lan gadhah margi (falak) ubengan piyambak-piyambak, sarta lapisan-lapisanipun geologis beda-beda. Punika sadaya Sunnatullah, ingkang boten ewah tatanan organisasinipun, kajawi benjing dinten Qiyamat, sadaya badhe „out of order" lan sadaya badhe bibrah-babreh, sadaya badhe medal saking tatanan. Situasi lan kondisi ingkang makaten gawatipun wau badhe kalampahan ing dinten ingkang Allah pribadi ingkang Priksa lan Namtokaken. Pramila sumongga samiya kenceng ing iman lan amal shaleh sasaged-saged kita.!**

Khalaqal insaana min shalshaalin kalfakhkhaar.

١٥- وَخَلَقَ الْجَآنَّ مِنْ مَّارِجٍ مِّنْ نَّارٍ ۚ

15. Lan maneh PanjenengaNe wus nitahake bangsaning jin saka geni kang murni.

Wa khalaqal jaanna mim maarijim min naar.

١٦- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

16. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

١٧- رَبُّ الْمَشْرِقَيْنِ وَرَبُّ الْمَغْرِبَيْنِ ۚ

17. Hiya Allah kang Mangerani Wetan loro lan kang Mangerani Kulon loro. 964)

Rabbul masyriqaini wa rabbul maghribain.

١٨- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

18. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

١٩- مَرَجَ الْبَحْرَيْنِ يَلْتَقِيٰنِ ۙ

19. PanjenengaNe wus ngumbar Sagara loro, asin lan tawa, sakarone padha reruntungan!

Marajal bahraini yaltaqiyaan.

٢٠- بَيْنَهُمَا بَرْزَخٌ لَّا يَبْغِيٰنِ ۚ

20 Saantarane Sagara loro mau ana let-lete, mula Sagara loro mau ora bisa terus ngliwati siji marang liyane.

---

964) Sarjana Ahli Ilmu Falak, anerangaken bilih Surya punika salebeting setahun, dipun etang wiwit manggen ing tanggal 21 Maret punika trep ing nginggil Khatulistiwa', lajeng 21 Maret dumugi 21 Juni pindhah geser mengaler (wiyaripun 23½ derajat); mlethek lan serapipun Surya wonten sisih Ler saking titik Wetan lan titik Kilen, punika nami ing mentoking sisih Ler, lan siangipun langkung panjang tinimbang dalunipun. Lajeng tanggal 21 Juni wau wiwit geser mangidul malih dumugi tanggal 23 September, ngantos mentok Kidul (wiyaripun 23½ derajat), mlethek lan serapipun Surya sisih Kidul saking titik Wetan lan titik Kilen, kawontenanipun siang langkung celak lan dalu langkung panjang; pas tanggal 21 Juni punika siang ingkang celak piyambak. Inggih ingkang dipun maksud Allah Mangerani Wetan loro, punika nalika Surya mlethek ing Wetan, mentok mengaler 23½ derajat utawi tanggal 21 Juni, saking titik Wetan, punika ingkang satunggal. Satunggalipun malih Wetan nalika Surya mlethek ing 23½ derajat mangidul mentok Kidul utawi tanggal 23 September dumugi tanggal 22 Desember, inggih mangidul saking Khatulistiwa mentok Kidul 23½ derajat punika Wetan mlethekipun Surya ingkang mentok Kidul! Makaten sawatawis katerangan, wallaahu a'lam!
Mirsanana katerangan surat Adz Dzariyaat ayat: 7 ugi ingkang sambetan Ilmu Falak.

Bainahumaa barzakhul laa yabghiyaan.

21. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٢١- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

22. Wetuning Mutiara lan Merjan iku hiya saka Sagara loro mau.

٢٢- يَخْرُجُ مِنْهُمَا اللُّؤْلُؤُ وَالْمَرْجَانُ ۝

Yakhruju minhumal lu'lu'u wal marjaan.

23. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٢٣- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

24. PanjenengaNe kagungan prahu gedhene saGunung-Gunung padha digawe, sarta banjur lelayaran ana ing Sagara.

٢٤- وَلَهُ الْجَوَارِ الْمُنْشَاٰتُ فِى الْبَحْرِ كَالْاَعْلَامِ ۝

Walahul jawaaril munsya-aatu fil bahri kal a'laam.

25. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٢٥- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

26. Sakabehing barang kang kumelip ing Bumi bakal sirna.

٢٦- كُلُّ مَنْ عَلَيْهَا فَانٍ ۝

Kullu man 'alaihaa faan.

27. Dene Sarirane Allah Pangeranira iku langgeng, Dzat kang Maha Agung tur Maha Mulya.

٢٧- وَيَبْقٰى وَجْهُ رَبِّكَ ذُو الْجَلٰلِ وَالْاِكْرَامِ ۝

Wa yabqaa wajhu rabbika dzul jalaali wal ikraam.

28. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٢٨- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

29. PanjenengaNe Dzat kang disesuwuni titah kang ana ing Langit lan Bumi, ing saben dinane PanjenengaNe tansah tumandang gawe!

٢٩- يَسْـَٔلُهُۥ مَن فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ كُلَّ يَوْمٍ هُوَ فِى شَأْنٍ ۝

Yas-aluhuu man fis-samaawaati wal ardh, kulla yaumin huwa fii sya'n.

30. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٣٠- فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

Pepelinging Allah tumrap wong kang laku duraka!

31. Ingsun bakal angleksanani panyuwunira. kabeh he manungsa lan jin kang nggawa gawan abot!

٣١- سَنَفْرُغُ لَكُمْ أَيُّهَ ٱلثَّقَلَانِ ۝

Sanafrughu lakum ayyuhats tsaqalaan.

32. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٣٢- فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

33. He gerombolaning jin lan manungsa, manawa sira padha kaduga anjajah ana ing papajahaning Langit lan Bumi, nganti sabuntase kabeh, mara padha sira lakonana! Sira ora bakal kuwagang anjajah sabuntase kabeh, kajaba nganggo kakuwatan kang sampurna!

٣٣- يَٰمَعْشَرَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ إِنِ ٱسْتَطَعْتُمْ أَن تَنفُذُوا۟ مِنْ أَقْطَارِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ فَٱنفُذُوا۟ ۚ لَا تَنفُذُونَ إِلَّا بِسُلْطَٰنٍ ۝

Yaa ma'syaral jinni wal insi inis-tatha'tum an tanfudzuu min aqthaaris samaawaati wal ardhi fanfudzuu laa tanfudzuuna illaa bisulthaan.

34. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٣٤- فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

35. Manawa sakaronira tetep anggonira maido, sira bakal disoki urub-urub kang mulus lan kang acampur kukus, wusana ora padha oleh pitulungan.

٣٥- يُرْسَلُ عَلَيْكُمَا شُوَاظٌ مِّن نَّارٍ وَنُحَاسٌ فَلَا تَنتَصِرَانِ ۝

Yursalu 'alaikumaa syuwaathum min naariw wa nuhaasun falaa tantashiraan.

36. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٣٦- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

37. Mangka ana ing dina Qiyamat manawa Langit wus pecah, rupane banjur abang mengkilap kaya lenga jlantah, (mendah iba anggone ngebat-ebati!).

٣٧- فَاِذَا انْشَقَّتِ السَّمَآءُ فَكَانَتْ وَرْدَةً كَالدِّهَانِ ۝

Fa-idzan syaqqatis samaa-u fakaanat wardatan kaddihaan.

38. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٣٨- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

39. Ing dina Qiyamat iku, manungsa lan jin ora didangu perkara dosane 965)

٣٩- فَيَوْمَئِذٍ لَّا يُسْـَٔلُ عَنْ ذَنْۢبِهٖٓ اِنْسٌ وَّلَا جَآنٌّ ۝

Fayauma-idzil laa yus-alu 'an dzambihii insuw walaa jaan.

40. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٤٠- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

41. Wong-wong kang padha dosa wus kinawruhan kalawan tetengerane, ing kono banjur padha diseret kuncung embun-embunane lan sikile.

٤١- يُعْرَفُ الْمُجْرِمُوْنَ بِسِيْمٰهُمْ فَيُؤْخَذُ بِالنَّوَاصِيْ وَالْاَقْدَامِ ۝

Yu'raful mujrimuuna bisiimaahum fa-yu'khadzu binnawaashii wal aqdaam.

42. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٤٢- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

---

965) Ing dinten Qiyamat risaking sadaya makhluk, boten dipun dangu dosanipun, nanging ing dinten Hisab (dinten sabakdanipun) tamtu dipun adili urusan dosanipun.

43. Pangandikane Allah: "Lah iki Neraka Jahanam kang dipaido dening wong-wong kang padha dosa!".

٤٣ - هَٰذِهِۦ جَهَنَّمُ ٱلَّتِى يُكَذِّبُ بِهَا ٱلْمُجْرِمُونَ ۝

Haadzihii jahannamul latii yukadzdzibu bihal mujrimuun.

44. Wong-wong mau bakal padha kliling dielah-elih ana ing geni Neraka, lan ana ing wedang panas kang mumpal-mumpal.

٤٤ - يَطُوفُونَ بَيْنَهَا وَبَيْنَ حَمِيمٍ ءَانٍ ۝

Yathuufuuna bainahaa wa baina hamiimin aan.

45. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٤٥ - فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

Ganjaran tumrap wong kang padha taqwa.

46. Lan wong kang padha wedi KaluhuraNe Allah Pangerane, bakal ginanjar Suwarga loro!

٤٦ - وَلِمَنْ خَافَ مَقَامَ رَبِّهِۦ جَنَّتَانِ ۝

Wa liman khaafa maqaama rabbihii jannataan.

47. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٤٧ - فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

48. Suwarga loro mau akeh kekayone kang rinengga sawarnaning woh-wohaning epang-epang peni!

٤٨ - ذَوَاتَآ أَفْنَانٍ ۝

Dzawaanaa afnaan.

49. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٤٩ - فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

50. Ing Suwarga loro mau ana Bengawane loro uga kang padha mili.

٥٠ - فِيهِمَا عَيْنَانِ تَجْرِيَانِ ۝

Fiihimaa 'ainaani tajriyaan.

51. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٥١ - فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ٥

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan

52. Ing Suwarga kono ana sawarnaning woh-wohan, sajodho-sajodho, kang teles lan kang garing.

٥٢ - فِيْهِمَا مِنْ كُلِّ فَاكِهَةٍ زَوْجٰنِ ۚ ٥

Fiihimaa min kulli faakihatin zaujaan.

53. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٥٣ - فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ٥

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

54. Wong ahli Suwarga padha leleyehan ana ing babut kandel, disulam sutra tur woh-wohane kena diranggeh!

٥٤ - مُتَّكِـِٕيْنَ عَلٰى فُرُشٍۢ بَطَآئِنُهَا مِنْ اِسْتَبْرَقٍ ؕ وَجَنَا الْجَنَّتَيْنِ دَانٍ ۚ ٥

Muttaki-iina 'alaa furusyim bathaa-inuhaa min istabraq, wa janal jannataini daan.

55. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٥٥ - فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ٥

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

56. Ing Suwarga ana Widadari kang tata-trapsila marem karo garwane, durung kagepok dening manungsa lan jin.

٥٦ - فِيْهِنَّ قٰصِرٰتُ الطَّرْفِ لَمْ يَطْمِثْهُنَّ اِنْسٌ قَبْلَهُمْ وَلَا جَآنٌّ ۚ ٥

Fiihinna qaashiraatuth tharfi lam yathmits-hunna insun qablahum walaa jaan.

57. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٥٧ - فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۚ ٥

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

58. Para widadari mau endahe rupa kaya manik Yakut lan manik Merjan.

٥٨ - كَاَنَّهُنَّ الْيَاقُوْتُ وَالْمَرْجَانُ ۚ ٥

Ka-annahunnal yaaquutu wal marjaan.

59. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٥٩- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

60. Apa ora, piwalese laku becik iku kajaba mung ganjaran kang becik uga?

٦٠- هَلْ جَزَآءُ الْاِحْسَانِ اِلَّا الْاِحْسَانُ ۚ ۝

Hal jazaa-ul ihsaani illal ihsaan.

61. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٦١- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

62. Lan saliyane Suwarga loro mau, ana maneh Suwarga loro liyane.

٦٢- وَمِنْ دُوْنِهِمَا جَنَّتٰنِ ۚ ۝

Wamin duunihimaa jannataan.

63. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٦٣- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

64. Suwarga loro mau katone padha ngrembuyung godhonging wit-witane!

٦٤- مُدْهَآمَّتٰنِ ۚ ۝

Mud haammataan.

65. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٦٥- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۚ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

66. Ing Suwarga loro mau ana sumbere loro kang banter panyembure banyu.

٦٦- فِيْهِمَا عَيْنٰنِ نَضَّاخَتٰنِ ۚ ۝

Fiihimaa 'ainaani nadhdhaakhataan.

67. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٦٧- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

68. Ing Suwarga loro mau akeh woh-wohane, lan uga ana wite kurma lan delima.

٦٨- فِيهِمَا فَاكِهَةٌ وَّنَخْلٌ وَّرُمَّانٌ ۚ

Fiihimaa faakihatuw wa nakhluw wa rummaan.

69. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٦٩- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۚ

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadz dzibaan

70. Ing kono uga ana Widadarine becik-becik akhlake, tur endah-endah rupane.

٧٠- فِيهِنَّ خَيْرٰتٌ حِسَانٌ ۚ

Fiihinna khairaatun hisaan.

71. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٧١- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۚ

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadz-dzibaan.

72. Para Widadari mau padha mugen ana ing sajeroning kamare.

٧٢- حُوْرٌ مَّقْصُوْرٰتٌ فِي الْخِيَامِ ۚ

Huurum maqshuuraatun fil khiyaam.

73. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٧٣- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۚ

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadz-dzibaan.

74. Sadurunge iku Widadari mau durung tau kagepok dening manungsa lan jin.

٧٤- لَمْ يَطْمِثْهُنَّ اِنْسٌ قَبْلَهُمْ وَلَا جَآنٌّ ۚ

Lam yathmits-hunna insun qablahum walaa jaan.

75. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٧٥- فَبِاَيِّ اٰلَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۚ

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadz-dzibaan.

76. Wong ahli Suwarga padha leleyehan tur padha nganggo lemek bantal ijo royo-royo, lan liya-liyane kang sarwa endah.

٧٦- مُتَّكِـِٕيْنَ عَلٰى رَفْرَفٍ خُضْرٍ وَّعَبْقَرِيٍّ حِسَانٍ ۚ

Muttaki-iina 'alaa rafrafin khudhriw wa 'abqariyyin hisaan.

77. He manungsa lan jin! sabab apa sakaronira padha maido ni'mat papariNge Allah Pangeranira?

٧٧ - فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝

Fabi-ayyi aalaa-i rabbikumaa tukadzdzibaan.

78. Mangka wuwuh - wuwuh kaluhuraNe asma dalem Allah Pangeranira, kang Maha Agung, tur Maha Mulya.

***)

٧٨ تَبَارَكَ اسْمُ رَبِّكَ ذِي الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ ۝

Tabaarakasmu rabbika dzil jalaali wal ikraam.

***). Panutuping surat Ar Rahmaan sasambetan ingkang nunggil lan misahing keterangan lan tujuanipun, ing antawisipun surat Ar Rahmaan kalayan surat Al Waaqi'ah, kados katerangan ing ngandhap punika:

1. Kakalihipun surat punika sami-sami anerangaken menggah dhodhok seleh lan kawontenaning dinten Qiyamat, sarta ingkang dados kaprihatosanipun sadaya Ummat Manungsa ing oro-oro Mahsyar ingkang sakalangkung benter, inggih puncaking kaputusaning Allah SWT lumebet Suwarga utawi Neraka, begja utawi cilaka, langgeng salami-laminipun!
2. Khusus ing surat Ar Rahmaan nerangaken bilih 'azab (siksa) Neraka punika kasadhiaken titiyang ingkang sami dosa, dene ni'mat Suwarga tumrapipun ummat ingkang taqwa ing Allah sarta amal shaleh. Lan khusus ing surat Al Waaqi'ah anjlentrehaken kaprinci-princi malih, bilih manungsa benjing kabagi tigang golongan: Sapisan, golongan kiwa, Dungkap kaping kalih, golongan tengen, lan Kaping-tiga, golongan titiyang Mu'min ingkang tansah bebalapan amal shaleh, inggih titiyang golongan punika ingkang badhe mlebet Suwarga rumiyin piyambak. Makaten ugi katerangaken nasib satunggal-satunggaling golongan wau!

AL WAAQI'AH (DINA QIYAMAT)

Surat kaping 56 : 96 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 81 lan 82 kawahyokake ana ing Madinah, diturunake sawuse surat Thaa Haa.

Kalawan asma Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Manawa dina Qiyamat wus kelakon tumiba.

١ - إِذَا وَقَعَتِ الْوَاقِعَةُ ٥

Idzaa waqa'atil waaqi'ah.

2. Ora ana gegorohan mungguh tumibane dina Qiyamat mau.

٢ - لَيْسَ لِوَقْعَتِهَا كَاذِبَةٌ ٥

Laisa liwaq'atihaa kaadzibah.

3. Kedadean iku ngesorake wong kafir lan ngluhurake wong Mu'min.

٣ - خَافِضَةٌ رَّافِعَةٌ ٥

Khaafidhatur raafi'ah.

4. Yaiku nalika Bumi horeg molak-malik nggegirisi.

٤ - إِذَا رُجَّتِ الْأَرْضُ رَجًّا ٥

Idzaa rujjatil ardhu rajjaa.

5. Lan Gunung-gunung ajur mumur.

٥ - وَبُسَّتِ الْجِبَالُ بَسًّا ٥

Wa bussatil jibaalu bassaa.

6. Banjur mabul-mabul kaya lebu!

٦ - فَكَانَتْ هَبَاءً مُّنْبَثًّا ٥

Fakaanat habaa-am mumbassaa.

7. Ing kono sira kabeh banjur dadi telung golongan :

- وَكُنْتُمْ أَزْوَاجًا ثَلَاثَةً ٥

Wa kuntum azwaajan tsalaatsah.

Golongan tengen, golongan kiwa, lan wong kang luwih dhisik taqwa.

8. Siji, golongan kang nampa cathetan 'amale nganggo tangan tengen, Muhammad! sapa kang nampani nganggo tangan tengen mau?

٨ - فَأَصْحٰبُ الْمَيْمَنَةِ ۙ مَآ أَصْحٰبُ الْمَيْمَنَةِ ۝

Fa-ash-haabul maimanati maa ash-haabul maimanah.

9. Loro, golongan kang nampa cathetan 'amale nganggo tangan kiwa, Muhammad! sapa kang nampani nganggo tangan kiwa iku?

٩ - وَأَصْحٰبُ الْمَشْـَٔمَةِ ۙ مَآ أَصْحٰبُ الْمَشْـَٔمَةِ ۝

Wa ash-haabul masy-amati maa ash-haabul masy-amah.

10. Telu, wong kang padha bebalapan 'amal becik, lan padha rerikatan menyang Suwarga!

١٠ - وَالسّٰبِقُوْنَ السّٰبِقُوْنَ ۝

Wassaabiquunas saabiquun.

Ganjaran tumrap wong kang luwih dhisik iman lan tansah bebalapan 'amal shaleh.

11. Dheweke iku wong kang padha kacedhak marang ngarsa dalem Allah.

١١ - أُولٰٓئِكَ الْمُقَرَّبُوْنَ ۝

Ulaa-ikal muqarrabuun.

12. Ana ing Suwarga Na'im.

١٢ - فِيْ جَنّٰتِ النَّعِيْمِ ۝

Fii jannaatin na'iim.

13. Golongan kaping telu iku sebagean akeh saka para wong kang dhisik.

١٣ - ثُلَّةٌ مِّنَ الْأَوَّلِيْنَ ۝

Tsalaatsum minal awwaliin.

14. Lan sebagean kang sathithik saka wong kang kari. 966)

١٤ - وَقَلِيْلٌ مِّنَ الْآخِرِيْنَ ۝

Wa qaliilum minal aakhiriin.

15. Padha lungguh ana ing divan (katil) kang dipatik-patik emas lan tinaretes barliyan!

١٥ - عَلٰى سُرُرٍ مَّوْضُوْنَةٍ ۝

'Alaa sururim maudhuunah.

---

966) Suraosing ayat: 13 - 14 anerangaken bilih tiyang Mu'min ingkang Suwarganipun kacelak ing Allah punika sabageyan ageng saking para titiyang jaman rumiyin, lan sabageyan alit saking para ummat sasampunipun.

16. Padha leleyehan ana ing divan (katil) mau lan padha adhep-adhepan karo kanca-kancane.

١٦ - مُتَّكِـِٔيْنَ عَلَيْهَا مُتَقٰبِلِيْنَ ۝

Muttaki-iina 'alaihaa mutaqaabiliin.

17. Padha diladeni para sinoman kang padha langgeng enom.

١٧ - يَطُوْفُ عَلَيْهِمْ وِلْدَانٌ مُّخَلَّدُوْنَ ۙ ۝

Yathuufu 'alaihim wildaanum mukhal-laduun.

18. Para sinoman padha ngladekake inuman winadhahan ing cangkir, kendhi lan gelas, inuman saka sumber ing Suwarga.

١٨ - بِاَكْوَابٍ وَّاَبَارِيْقَ ۙ وَكَاْسٍ مِّنْ مَّعِيْنٍ ۙ ۝

Bi-akwaabiw wa abaariqa wa ka'sim mim ma'iin.

19. Wong-wong iku ora padha krasa ngelu utawa ora padha wuru (mabuk) sawuse ngombe inuman mau.

١٩ - لَّا يُصَدَّعُوْنَ عَنْهَا وَلَا يُنْزِفُوْنَ ۙ ۝

Laa yushadda'uuna 'anhaa walaa yun-zifuun.

20. Lan diladekake woh-wohan kang wus padha pilihan.

٢٠ - وَفَاكِهَةٍ مِّمَّا يَتَخَيَّرُوْنَ ۙ ۝

Wa faakihatim mimmaa yatakhayyaruun.

21. Lan iwak manuk kang wus padha disenengi.

٢١ - وَلَحْمِ طَيْرٍ مِّمَّا يَشْتَهُوْنَ ۭ ۝

Wa lahmi thairim mimmaa yasytahuun.

22. Ing kono ana Widadari kang blalak-blalak mripate.

٢٢ - وَحُوْرٌ عِيْنٌ ۙ ۝

Wa khuurun 'iin.

23. Padha sumunar cahyane kaya dene Mutiara kang sinimpen permati.

٢٣ - كَاَمْثَالِ اللُّؤْلُؤِ الْمَكْنُوْنِ ۚ ۝

Ka-amtsaalil lu'lu'il maknuun.

24. Minangka ganjaran tumrap apa kang wus ditindakake kabecikan.

٢٤ - جَزَاۗءًۢ بِمَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

Jazaa-am bimaa kaanuu ya'maluun.

٢٥ - لَا يَسْمَعُوْنَ فِيْهَا لَغْوًا وَّلَا تَاْثِيْمًا ۙ

25. Ana ing Suwarga dheweke ora padha krungu guneman kang tanpa guna, apa dene cecaturan kang dosa.

Laa yasma'uuna fiihaa laghwaw walaa ta'tsiimaa.

26. Kajaba bage-binage karaharjan kang padha diucapake.

٢٦- إِلَّا قِيلًا سَلٰمًا سَلٰمًا ○

Illaa Qiilan salaaman salaamaa.

Ganjaran tumrap golongan tengen.

27. Ana dene wong kang nampani cathetan 'amale nganggo tangan tengen, sapa wong kang nampani nganggo tangan tengen iku?

٢٧- وَأَصْحٰبُ الْيَمِيْنِ ۙ مَآ أَصْحٰبُ الْيَمِيْنِ ○

Wa ash-haabul yamiin, maa ash-haabul yamiin.

28. Wong iku bakal manggon ana ing taman kang ana wite Widara ora ana erine.

٢٨- فِيْ سِدْرٍ مَّخْضُوْدٍ ۙ ○

Fii shidrim makh-dhuud.

29. Lan woh gedhang kang becik-becik tetundhungane.

٢٩- وَّطَلْحٍ مَّنْضُوْدٍ ۙ ○

Wa thal'im mandhuud.

30. Padha ngeyub ana ing eyub-eyub kang lestari eyube aledhung

٣٠- وَّظِلٍّ مَّمْدُوْدٍ ۙ ○

Wa dhillim mamduud.

31. Lan banyu kang tansah lumintu di-ilekake.

٣١- وَّمَآءٍ مَّسْكُوْبٍ ۙ ○

Wa maa-im maskuub.

32. Lan woh-wohan kang akeh sawarnane.

٣٢- وَّفَاكِهَةٍ كَثِيْرَةٍ ۙ ○

Wa faakihatin katsiirah.

33. Tanpa nganggo kendhat wohe, lan ora ana larangane ngopek.

٣٣- لَّا مَقْطُوْعَةٍ وَّلَا مَمْنُوْعَةٍ ۙ ○

Laa maqthuu'atiw walaa mamnuu'ah.

34. Lan Widadari lungguh ana sadhuwure kasur-kasur kandel tur empuk.

٣٤- وَفُرُشٍ مَّرْفُوْعَةٍ ○

Wa furuusyim marfuu'ah.

35. Sanyata Ingsun andamel Widadari mau kalawan andadak dadi kenya kang endah ing rupa.

٣٥- إِنَّآ أَنشَأْنَٰهُنَّ إِنشَآءً ۝

Innaa ansya'naahunna insyaa'.

36. Ingsun damel dadi kenya-kenya kang endahing rupa.

٣٦- فَجَعَلْنَٰهُنَّ أَبْكَارًا ۝

Wa ja'alnaahunna abkaaraa.

37. Padha tresna marang garwane, tur padha pantaran umure.

٣٧- عُرُبًا أَتْرَابًا ۝

'Uruban at-raabaa.

38. Iku mau kabeh kasadhiyakake kanggo wong kang nampi cathetan 'amale nganggo tangan tengen.

٣٨- لِّأَصْحَٰبِ ٱلْيَمِينِ ۝

Li-ash-haabil yamiin.

39. Yaiku sabagean akeh saka golongan wong kuna.

٣٩- ثُلَّةٌ مِّنَ ٱلْأَوَّلِينَ ۝

Tsullatum minal awwaliin.

40. Lan sebagean akeh uga saka golongan wong kang kari 967)

٤٠- وَثُلَّةٌ مِّنَ ٱلْءَاخِرِينَ ۝

Wa tsullatum minal aakhiriin.

Siksa tumrap golongan kiwa, lan di-welehake marang dheweke.

41. Ana dene wong kang nampani cathetan 'amale nganggo tangane kiwa, sapa wong kang nampani nganggo tangan kiwa iku?

٤١- وَأَصْحَٰبُ ٱلشِّمَالِ مَآ أَصْحَٰبُ ٱلشِّمَالِ ۝

Wa ash-haabusy syimaali maa ash-haabusy syimaal.

42. Wong iku bakal diobong ana ing geni kang panas, lan digodhog ana ing wedang pang panase ngantar-antar.

٤٢- فِى سَمُومٍ وَحَمِيمٍ ۝

Fii samuumiw wa hamiim.

43. Lan padha diungkep ana ing pega kang ireng-sumuk.

٤٣- وَظِلٍّ مِّن يَحْمُومٍ ۝

Wa zhillim miy yahmuum.

967). Suwarganipun golongan punika inggih Suwarga endah, nanging derajatipun sanes kaliyan ingkang kasebat ing ayat: 13 - 14.

44. Ora ana rasa adhem lan ora ana rasa kapenak.

٤٤ - لَّا بَارِدٍ وَّلَا كَرِيْمٍ ۝

Laa baaridiw walaa kariim.

45. Sanyata dheweke nalika ana ing Donya biyen padha ngenak-enak awake.

٤٥ - اِنَّهُمْ كَانُوْا قَبْلَ ذٰلِكَ مُتْرَفِيْنَ ۝

Innahum kanuu qabla dzaalika mutrafiin

46. Dheweke wus padha terus-terusan nindakake duraka gedhe.

٤٦ - وَكَانُوْا يُصِرُّوْنَ عَلَى الْحِنْثِ الْعَظِيْمِ ۝

Wa kaanuu yushirruuna 'alal hintsil 'azhiim.

47. Lan dheweke tansah padha ngucap: "Apa hiya sawuse aku kabeh padha mati, awakku wis dadi balung lan ajur dadi lemah, aku bakal diuripake maneh?".

٤٧ - وَكَانُوْا يَقُوْلُوْنَ ۝ اَئِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَّعِظَامًا ءَاِنَّا لَمَبْعُوْثُوْنَ ۝

Wa kuunuu yaquuluuna a-idzaa mitnaa wa kunnaa turaabaw wa 'izhaaman a-innaa lamab'uutsuun.

48. Lan apa Bapak-bapakku dhek biyen uga bakal diuripake?".

٤٨ - اَوَ اٰبَآؤُنَا الْاَوَّلُوْنَ ۝

Awa aabaa-unal awwaluun.

49. Muhammad! sira dhawuha: "Sanyata wong kuna utawa wong kang kari,

٤٩ - قُلْ اِنَّ الْاَوَّلِيْنَ وَالْاٰخِرِيْنَ ۝

Qul innal awwaliina wal aakhiriin.

50. Bakal padha dikulmpukake ana ing dina Qiyamat kang wus kinawruhan mung-guhing Allah".

٥٠ - لَمَجْمُوْعُوْنَ ۝ اِلٰى مِيْقَاتِ يَوْمٍ مَّعْلُوْمٍ ۝

Lamajmuu'uuna ilaa miiqaati yaumim ma'luum.

51. "He wong kang sasar, lan kang padha maido marang Rasulullah!"

٥١ - ثُمَّ اِنَّكُمْ اَيُّهَا الضَّآلُّوْنَ الْمُكَذِّبُوْنَ ۝

Tsumma innakum ayyuhadh dhaalluunal mukadzdzibuun.

52. Yekti sira bakal mangan kayu Zaqqum.

٥٢ - لَاٰكِلُوْنَ مِنْ شَجَرٍ مِّنْ زَقُّوْمٍ ۝

La-aakiluuna min syajarim min zaqquum

53. Lan bakal diweleg nganti kebak wetenge.

٥٣ - فَمَالِـُٔونَ مِنْهَا الْبُطُونَ ۝

Famaali-uuna minhal buthuun.

54. Banjur ngombe wedang kang panase ngantar-antar.

٥٤ - فَشٰرِبُونَ عَلَيْهِ مِنَ الْحَمِيمِ ۝

Fasyaaribuuna 'alaihi minal hamiim.

55. Mangka anggone padha ngombe iku ora beda kaya ngombeni unta kang banget ngelake.

٥٥ - فَشٰرِبُونَ شُرْبَ الْهِيمِ ۝

Fasyaaribuuna syurbal hiim.

56. Lah hiya iki suguhane para wong kang sasar ana ing dina piwales.

٥٦ - هٰذَا نُزُلُهُمْ يَوْمَ الدِّينِ ۝

Haadzaa nuzuluhum yaumad-diin.

57. Ingsun kang wus anitahake ing sira, geneya sira ora banjur ngestokake ing dinane sira diuripake maneh?

٥٧ - نَحْنُ خَلَقْنٰكُمْ فَلَوْلَا تُصَدِّقُونَ ۝

Nahnu khalaqnaakum falaulaa tushaddiquun.

58. Mara sira padha andelenga banyu kama (nutfah) kang sira uncratake (turunake) 968)

٥٨ - أَفَرَءَيْتُم مَّا تُمْنُونَ ۝

Afara-aitum maa tumnuun.

59. Apa sira kang andadekake iku mau, utawa apa Ingsun kang anitahake?

٥٩ - ءَأَنتُمْ تَخْلُقُونَهُۥٓ أَمْ نَحْنُ الْخٰلِقُونَ ۝

A-antum takhluquunahuu am nahnul khaaliquun.

60. Ingsun wus namtokake prakara patinira kabeh, lan Ingsun ora bakal kakilapan!

٦٠ - نَحْنُ قَدَّرْنَا بَيْنَكُمُ الْمَوْتَ وَمَا نَحْنُ بِمَسْبُوقِينَ ۝

Nahnu qaddarnaa bainakumul mauta wamaa nahnu bimasbuuqiin.

61. Ingsun kuwasa angganti sira kabeh kalawan titah liya kang padha karo sira,

٦١ - عَلٰٓى أَن نُّبَدِّلَ أَمْثَالَكُمْ وَنُنشِئَكُمْ فِى مَا لَا تَعْلَمُونَ ۝

968) Dhawuhing Allah : "Apa sira ora mikir sing jero lan nyatitekake sing permati, kadadeyane kama kang disalulutake ing rahiming bojonira? Kapriye sabanjure proses dumadining janin (embriyo = jladren getih calon bayi) mau lahir dadi bocah?" Makaten menggah suraosing ayat: 57 - 62.

lan andadekake sira kalawan rupa kang ora sira sumurupi.

'Allaa an nubaddila amtsaalakum wa nunsyi-akum fii maa laa ta'lamuun.

62. Lan temen sira wus padha weruh prakara kadadeyane manungsa saka sakawit, geneya sira ora padha ngalap pepeling?

٦٢- وَلَقَدْ عَلِمْتُمُ النَّشْأَةَ الْأُولَىٰ فَلَوْلَا تَذَكَّرُونَ ۝

Walaqad 'alimtumun nasy-atal uulaa falaulaa tadzakkaruun.

63. Apa sira sumurup wiji kang sira ceblokake ana ing sawah?

٦٣- أَفَرَءَيْتُم مَّا تَحْرُثُونَ ۝

Afara-aitum maa tahrutsuun.

64. Apa sira kang nyukulake, utawa apa Ingsun kang nyukulake?

٦٤- ءَأَنتُمْ تَزْرَعُونَهُۥٓ أَمْ نَحْنُ ٱلزَّٰرِعُونَ ۝

A-antum tazra'uunahuu am nahnuz zaari'uun.

65. Samungguha ana kaparenging karsan - Ingsun gawe garing, mesthi wiji mau dadi garing, ing wasana sira padha gumun!

٦٥- لَوْ نَشَآءُ لَجَعَلْنَٰهُ حُطَٰمًا فَظَلْتُمْ تَفَكَّهُونَ ۝

Lau nasyaa-u laja'alnaahu huthaaman fazhaltum tafakkahuun.

66. Sira banjur ngucap: "Temen aku wus padha kapitunan.

٦٦- إِنَّا لَمُغْرَمُونَ ۝

Innaa lamughramuun.

67. Aku sida kelangan wulu-wetune sawah-ku".

٦٧- بَلْ نَحْنُ مَحْرُومُونَ ۝

Bal nahnu mahruumuun.

68. Apa sira wus anggatekake banyu kang padha sira ombe?

٦٨- أَفَرَءَيْتُمُ ٱلْمَآءَ ٱلَّذِى تَشْرَبُونَ ۝

Afara-aitumul maa-alladzii tasyrabuun.

69. Apa sira kang nurunake banyu iku saka ing mendhung, utawa apa Ingsun kang nurunake?

٦٩- ءَأَنتُمْ أَنزَلْتُمُوهُ مِنَ ٱلْمُزْنِ أَمْ نَحْنُ ٱلْمُنزِلُونَ ۝

A-antum anzaltumuuhu minal muzni am nahnul munziluun.

٧٠- لَوْ نَشَآءُ جَعَلْنَٰهُ أُجَاجًا فَلَوْلَا تَشْكُرُونَ ۝

70. Samungguha ana kaparenging karsan-Ingsun gawe banyu mau asin, mesthi kalakon asin, geneya sira ora padha syukur?

Lau nasyaa-u ja'alnaahu ujaajan falau laa tasykuruun.

71. Apa sira wus nggatekake geni kang murub sira urubake saka kayu?

٧١- اَفَرَءَيْتُمُ النَّارَ الَّتِيْ تُوْرُوْنَ ۝

Afara-aitumun naaral latii tuuruun.

72. Apa sira kang nyukulake kayu kang bisa murub mau, utawa apa Ingsun kang nyukulake?

٧٢- ءَاَنْتُمْ اَنْشَاْتُمْ شَجَرَتَهَآ اَمْ نَحْنُ الْمُنْشِـُٔوْنَ ۝

A-antum ansya'tum syajaratahaa am nahnul munsyi-uun.

73. Ingsun wus andadekake kayu mau kanggo pepeling, sarta migunani marang wong-wong kang padha lelana.

٧٣- نَحْنُ جَعَلْنٰهَا تَذْكِرَةً وَّمَتَاعًا لِّلْمُقْوِيْنَ ۝

Nahnu ja'alnaahaa tadzkirataw wa mataa'al lil muqwiin.

74. Mula, sira Muhammad maha nucekna kalawan nyebut asmane Allah Pangeranira kang Maha Agung.

٧٤- فَسَبِّحْ بِاسْمِ رَبِّكَ الْعَظِيْمِ ۝

Fasabbih bismi rabbikal 'azhiim.

Allah sumpah marang kamulyane Al-Quraan.

75. Ora mangkono! Ingsun sumpah, Demi panggonan-panggonane tumuruning Quraan. 969)

٧٥- فَلَآ اُقْسِمُ بِمَوٰقِعِ النُّجُوْمِ ۝

Falaa uqsimu bimawaaqi'in nujuum.

76. Sanyata sumpahe Allah kang mangkono iku yekti sumpah kang Agung temenan, manawa sira padha mangerti.

٧٦- وَاِنَّهٗ لَقَسَمٌ لَّوْ تَعْلَمُوْنَ عَظِيْمٌ ۝

Wa innahuu laqasamul lau ta'lamuuna 'azhiim.

77. Sanyata kang diwacakake marang sira iku temen Al-Quraan kang Mulya.

٧٧- اِنَّهٗ لَقُرْاٰنٌ كَرِيْمٌ ۝

969). Panggenan-panggenan tumuruning Quraan punika manah-manahipun manungsa, ingkang selot-selotipun lajeng purun iman ingkang teguh santosa!

Innahuu laqur-aanun kariim.

78. Kaweca ana ing Kitab Agung kang rineksa (Lauhil Mahfudz).

٧٨- فِي كِتٰبٍ مَّكْنُوْنٍ ۙ ○

Fii kitaabim maknuun.

79. Ora anggepok marang Kitab iku, kajaba para Malaikat kang sinucekake.

٧٩- لَّا يَمَسُّهٗٓ اِلَّا الْمُطَهَّرُوْنَ ○

Laa yamassuhuu illal muthahharuun.

80. Al-Quraan iku diturunake saka Ngarsaning Allah, Pangeraning Jagad Pramudita.

٨٠- تَنْزِيْلٌ مِّنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ○

Tanziilum mir-rabbil 'aalamiin.

81. He para manungsa! apa sira padha nganggep sembarangan tumrap Quraan iki?

٨١- اَفَبِهٰذَا الْحَدِيْثِ اَنْتُمْ مُّدْهِنُوْنَ ۙ ○

Afabihaadzal hadiitsi antum mud hinuun

82. Lan sira angganti rezeki Allah kalawan maido ing Allah.

٨٢- وَتَجْعَلُوْنَ رِزْقَكُمْ اَنَّكُمْ تُكَذِّبُوْنَ ○

Wa taj'aluuna rizqakum annakum tukadzdzibuun.

83. Di-eling! nalika krisis nyawane wong sekarat wus tekan ing tenggorokan (tenggok).

٨٣- فَلَوْلَآ اِذَا بَلَغَتِ الْحُلْقُوْمَ ۙ ○

Falau laa idzaa balaghatil hulquum.

84. Ing mangka wektu iku sira kabeh ahli waris padha andeleng.

٨٤- وَاَنْتُمْ حِيْنَىِٕذٍ تَنْظُرُوْنَ ۙ ○

Wa antum hiina-idzin tanzhuruun.

85. Ana dene Ingsun luwih cedhak marang dheweke tinimbang sira kabeh, mung bae sira kabeh ora padha sumurup.

٨٥- وَنَحْنُ اَقْرَبُ اِلَيْهِ مِنْكُمْ وَلٰكِنْ لَّا تُبْصِرُوْنَ

Wa nahnu aqrabu ilaihi minkum walaakil laa tubshiruun.

86. Mangka samungguha sira ora dikuwasani dening Allah?

٨٦- فَلَوْلَآ اِنْ كُنْتُمْ غَيْرَ مَدِيْنِيْنَ ۙ ○

Falau laa inkuntum ghaira madiiniin.

87. Sira ora bisa ambalekake nyawane marang ragane, manawa nyata sira iku bener?

٨٧- تَرْجِعُونَهَآ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝

Tarji'uunzhaa inkuntum shaadiqiin.

88. Manawa wong sakratul maut iku golongane wong kang kacedhak marang Allah.

٨٨- فَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ ٱلْمُقَرَّبِينَ ۝

Fa-ammaa in kaana minal muqarrabiin.

89. Dheweke bakal terus urip kepenak, lan pinaringan rezeki kang becik, manggon ana ing Suwarga Na'im, Suwarganing Kami' matan!.

٨٩- فَرَوْحٌ وَرَيْحَانٌ وَجَنَّتُ نَعِيمٍ ۝

Farauhuw wa raihaanun wa jannatu na'iim.

90. Ana dene manawa wong mau golongane wong kang nampani Buku cathetan 'amal nganggo tangan tengen.

٩٠- وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْيَمِينِ ۝

Wa ammaa in kaana min ash-haabil yamiin.

91. Dheweke kabagekake ing kasugengan! "Kasugengan tetepa katur ing panjenengan sami!", saka kancane kang nampani nganggo tangan tengen uga.

٩١- فَسَلَٰمٌ لَّكَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْيَمِينِ ۝

Fasalaamul laka min ash-haabil yamiin.

92. Dene manawa wong iku golongane wong kang maido tur sasar.

٩٢- وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ ٱلْمُكَذِّبِينَ ٱلضَّآلِّينَ ۝

Wa ammaa in kaana minal mukadzdzibiinadh dhaalliin.

93. Dheweke bakal disuguh wedang kang panas banget.

٩٣- فَنُزُلٌ مِّنْ حَمِيمٍ ۝

Fanuzulum min hamiim.

94. Banjur dilebokake ing Neraka Jahim.

٩٤- وَتَصْلِيَةُ جَحِيمٍ ۝

Wa tashliyatu jahiim.

95. Satemene kang kasebut ing surat iki wus yakin mungguh kabenerane.

٩٥- إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ حَقُّ ٱلْيَقِينِ ۝

Inna haadzaa lahuwa haqqul yaqiin.

96. Mula, sira maha nucekna kalawan nyebut asma dalem Allah Pangeranira kang Maha Agung!

٩٦- فَسَبِّحْ بِاسْمِ رَبِّكَ الْعَظِيمِ ۝

Fasabbih bismi rabbikal 'azhiim.

***)

***). Interkorelasi (sasambetan ingkang manunggil ancas tujuan) antawisipun surat Al Waqi'ah kalayan surat Al Hadiid, sarta intisari saking ingkang sampun kaweca ing kakalihipun makaten:

1. Kakalihipun sami anerangaken kakuwasaning Allah ingkang Murbengjagad.
2. Khusus ing surat Waqi'ah dipun sebataken ummat ingkang bebalapan ing kaimanan lan kasaenan (As Saabiquun), dene wonten ing surat Al Hadiid katerangaken ummat ingkang bebalapan wau dhateng pundi ancas tujuanipun!
3. Ing akhir surat Waqaqi'ah kadhawuhan maos tasbih sarana nyebat Asma dalem Allah, Dzat ingkang Maha Nyipta tur Maha Ngitik-itik, dene wonten ing surat Al Hadiid sampun kaweca bilih samudayaning titah ing Angkasa Raya, dalah Langit sarta ing Bumi, sadaya sami nungkul manembah ing Allah SWT.

AL HADIID (WESI)

Surat kaping 57 : 29 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, sawuse surat Az Zalzalah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Sakabehing barang iku hakekate Allah kang kagungan, mula sapa kang anggaduh kekaya lan kawibawan aja owel dimanfa'atake ing dalaning Allah.

1. Langit lan Bumi dalah saisen-isene kabeh padha nyebut ing Maha Sucining Allah, PanjenengaNe kang Gagah tur Wicaksana.

١- سَبَّحَ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ وَ هُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ○

Sabbaha lillaahi maa fis-samaawaati wal ardhi wa huwal 'aziizul hakiim.

2. Allah kang kagungan Kratoning Langit lan Bumi, kang paring urip lan pati, lan PanjenengaNe Kuwaa ing atase samubarang.

٢- لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ يُحْيٖ وَيُمِيْتُ ۚ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ○

Lahuu mulkus samaawaati wal ardhi yuhyii wa yumiitu wa huwa 'alaa kulli syai-in qadiir.

3. Hiya PanjenengaNe iku kang dhihin tanpa purwaka, kang wuri tanpa wekasan, kang pratela KekuwasaNe tur kang samar

٣- هُوَ الْاَوَّلُ وَالْاٰخِرُ وَالظَّاهِرُ وَالْبَاطِنُ ۚ وَهُوَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ○

Huwal awwalu wal aakhiru wazhzhaahiru wal baathinu wa huwa bikulli syai-in 'aliim.

Dzate saka pandelenge mripat, Allah Nupiksani sakabehing barang.[970]

4. Hiya PanjenengaNe Allah kang wus anitahake Langit lan Bumi sajerone nem mangsa. PenjenengaNe banjur lenggah siniwaka ana ing 'Arsy. Allah Ngawuningani barang kang tumusup ana ing Bumi, lan kang anjedhul saka ing Bumi, lan Nupiksani barang kang tumurun saka ing Langit lan kang munggah menyang Langit. PanjenengaNe Allah anartani sira kabeh ana ing ngendi bae enggonira, lan Allah iku tansah Mrik - sani samubarang kang padha sira tindakake.

٤- هُوَ الَّذِي خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ فِي سِتَّةِ
اَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوٰى عَلَى الْعَرْشِ ۗ يَعْلَمُ مَا يَلِجُ
فِي الْاَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ مِنْهَا وَمَا يَنْزِلُ مِنَ
السَّمَآءِ وَمَا يَعْرُجُ فِيْهَا ۗ وَهُوَ مَعَكُمْ اَيْنَ
مَا كُنْتُمْ ۗ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

Huwal ladzii khalaqas samaawaati wal ardha fii sittati ayyaamin tsummastawaa 'alal 'arsyi, ya'lamu maa yaliju fil ardhi wamaa yakhruju minhaa wamaa yanzilu minas samaa-i wamaa ya'ruju fiihaa, wa huwa ma'akum aina maa kuntum, wallaahu bimaa ta'maluuna bashiir.

5. Allah ngasta Nanata Kratoning Langit lan Bumi, lan marang ngarsa dalem Allah baline kabeh prakara.

٥- لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَاِلَى اللّٰهِ تُرْجَعُ
الْاُمُوْرُ ۝

Lahuu mulkus samaawaati wal ardh, wa ilallaahi turja'ul umuur.

6. Allah manjingake wayah wengi ana ing rina,[971] lan manjingake rina ana ing wayah wengi, lan PanjenengaNe iku Nguningani barang kang ana ing sajeroning ati.

٦- يُوْلِجُ الَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَيُوْلِجُ النَّهَارَ فِي
الَّيْلِ ۗ وَهُوَ عَلِيْمٌ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝

Yuulijul laila finnahaari wa yuulijun nahaara fillaili, wa huwa 'aliimum bidzaatish shuduur.

7. He para manungsa! sira padha imana marang Allah lan UtusaNe, lan padha nanjakna (dedanaa) bandha kang sira wus di-

٧- اٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَاَنْفِقُوْا مِمَّا جَعَلَكُمْ
مُّسْتَخْلَفِيْنَ فِيْهِ ۗ فَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْكُمْ وَاَنْفَقُوْا

970) Suraosing ayat punika anerangaken bilih Allah SWT punika ingkang dhihin tanpa purwaka, tegesipun wontenipun angrumiyini wontenipun sadaya kawontenan ingkang tumitah; ingkang pratela Panguwaosipun, tegesipun sampun kathah sanget bukti-bukti titahipun Allah ingkang dipun manfaataken para manungsa; ingkang "Bathin" tegesipun Dzatipun Allah boten saged katingal dening mripatipun manungsa sarta boten saged kinaya-apa dening gegambaraning manungsa, jalaran ingkang saged katingal ing mripat punika boten sanes makhluk kados kita sami.

971) Tegesipun "manjingaken wanci dalu ing salebeting wanci rina" punika andadosaken wanci dalu langkung panjang, makaten ugi "manjingaken wanci rina ing salebeting wanci dalu" punika andadosaken wanci rina langkung panjang, kados dene gontas-gantosing wanci Ketiga lan wanci Rendheng. Mirsanana ugi katerangan surat Ar-Rahmaan ayat: 17.

kuwasakake dening Allah ngurus bandha mau.[972] Dene wong kang gelem iman saka sira kabeh lan gelem nanjakake, dheweke bakal kaparingan ganjaran gedhe.

لَهُمْ أَجْرٌ كَبِيرٌ ۝

Aaminuu billaahi wa rasuulihii wa anfiquu mimmaa ja'alakum mustakhlifiina fiih, falladziina aamanuu minkum wa anfaquu lahum ajrun kabiir.

8. Geneya sira ora gelem iman marang Allah, ing mangka UtusaNe Allah wus ajak-ajak sira kabeh supaya iman marang Allah Pangeranira, apa dene Allah wus mundhut janjinira, iku mau manawa sira padha iman.

٨ - وَمَا لَكُمْ لَا تُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالرَّسُولُ يَدْعُوكُمْ لِتُؤْمِنُوا بِرَبِّكُمْ وَقَدْ أَخَذَ مِيثَاقَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ ۝

Wamaa lakum laa tu'minuu billaahi warrasuulu yad'uukum litu'minuu birabbikum waqad akhadza miitsaaqakum inkuntum mu'miniin,

9. PanjenengaNe Allah kang tansah nurunake Ayat-ayat kang terang, Al-Quraan, marang kawulaNe Muhammad, kanggo ngoncadake sira kabeh wong Mu'min, saka pepeteng menyang pepadhang. Sanyata Allah iku kang banget anggone Welas lan Asih marang sira kabeh.

٩- هُوَ الَّذِي يُنَزِّلُ عَلَىٰ عَبْدِهِ آيَاتٍ بَيِّنَاتٍ لِيُخْرِجَكُمْ مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ وَإِنَّ اللَّهَ بِكُمْ لَرَءُوفٌ رَحِيمٌ ۝

Huwal ladzii yunazzilu 'alaa 'abdihii aayaatim bayyinaatil liyukhrijakum minazh zhulumaati ilannuur, wa innallaaha bikum lara-uufur rahiim.

10. Apa sababe dene sira ora padha gelem andanakake bandhanira ana ing Agamaning Allah?, ing mangka Allah piyambak kang maris (kagungan) Langit lan Bumi. Ora padha saka sira kabeh, wong kang andanakake karana ambiyantu lan perang ing sadurunge Bedhahe Mekkah, wong-wong mau luwih dhuwur derajate tinimbang wong kang andanakake bandhane lan perang sawuse iku, ewa dene Allah hiya angebang-ebang ganjar-

١٠- وَمَا لَكُمْ أَلَّا تُنْفِقُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَلِلَّهِ مِيرَاثُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ لَا يَسْتَوِي مِنْكُمْ مَنْ أَنْفَقَ مِنْ قَبْلِ الْفَتْحِ وَقَاتَلَ أُولَٰئِكَ أَعْظَمُ دَرَجَةً مِنَ الَّذِينَ أَنْفَقُوا مِنْ بَعْدُ وَقَاتَلُوا وَكُلًّا وَعَدَ اللَّهُ الْحُسْنَىٰ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ۝ ع ١٤

---

972) Falsafah Islam wonten ing hukum hak milik pribadi punika adhedhasar piwucal tauhid, inggih punika ingkang kraos lan ngrumaosi sarana yakin bilih hakekatipun sadaya ingkang dipun darbeni dados milik pribadi satunggal-satunggaling manungsa punika kagunganipun Allah SWT ingkang Murbeng-Jagat. Hak milik wau jejer lan fungsinipun gadhuhan utawi amanat saking ngarsa dalem Allah. Manawi para ahli winasis ing P.B.B. mastani "Universal Declaration of Human Rights" ingkang kaputus tanggal 10 Desember 1948. Deklarasi wau maksudipun hak kamanungsan punika dipun akeni lan dipun ayomi Undang-Undang Negeri ingkang dados warga P.B.B., dene wonten syare'at Islam milik semat (kaya) utawi pangkat (wibawa) punika kedah dipun manfa'ataken ing margi (agaminipun) Allah. Inggih marginipun Allah punika margi ingkang leres, margi ingkang milujengaken para manungsa ing Donya lan karaharjan ing Akherat, sarta tinebihaken saking Siksa Neraka.

an becik marang sakarone. Allah iku Waspada ing barang kang sira tindakake.

Wamaa lakum allaa tunfiquu fii sabiilillaahi wa lillaahi miiraatsus samaawaati wal ardhi, laa yastawii minkum man anfaqa min qablil fat-hi wa qaatala, ulaa-ika a'zhamu darajatam minal ladziina anfaquu mim ba'du wa qaataluu, wa kullaw wa'adallaahul husnaa, wallaahu bimaa ta'maluuna khabiir.

11. Sing sapa gelem ngutangi marang Allah kalawan potang kabecikan, Allah bakal paring tikelan minangka lelirune, lan bakal kaparingan ganjaran kang mulya.

١١- مَنْ ذَا الَّذِي يُقْرِضُ اللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا فَيُضَاعِفَهُ
لَهُ وَلَهُ أَجْرٌ كَرِيمٌ ۝

Man dzalladzii yuqridhullaaha qardhan hasanan fayudhaa'ifahuu lahuu wa lahuu ajrun kariim.

12. Yaiku besuk dina Qiyamat ing nalika wong Mu'min lanang lan wadon padha dietutburi cahya sumorot ana ing sangarepe, lan ana sisih tengene, dhawuhing Allah: "Ing dina iki, sira wong Mu'min kang padha bungah, kaganjar Suwarga kang sangisore ana kaline mili, tur padha langgeng ana ing kono! Lah kang mangkono iku kabegjan agung.

١٢- يَوْمَ تَرَى الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ يَسْعَىٰ نُورُهُمْ
بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَبِأَيْمَانِهِمْ بُشْرَاكُمُ الْيَوْمَ
جَنَّاتٌ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا
ذَٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ۝

Yauma taral mu'miniina wal mu'minaati yas'aa nuuruhum baina aidiihim wa bi-aimaanihim busyraakumul yauma jannaatun tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa, dzaalika huwal fauzul 'azhiim.

13. Ing dina iku wong munafik lanang lan wadon padha ngucap marang wong Mu'min: "Kula mugi panjenengan entosi, kula badhe tumut mlampah turut cahya panjenengan!". Banjur diwangsuli: "Kowe padha mundura! padha goleka cahya dhewe". Saantarane wong Mu'min lan wong munafik mau banjur didokoki tembok minangka wates kang ana lawange, ing jero wates panggonane RahmaTe Allah, dene ing sajabane wates yaiku panggonan siksaNe Allah.

١٣- يَوْمَ يَقُولُ الْمُنَافِقُونَ وَالْمُنَافِقَاتُ لِلَّذِينَ آمَنُوا
انْظُرُونَا نَقْتَبِسْ مِنْ نُورِكُمْ قِيلَ ارْجِعُوا
وَرَاءَكُمْ فَالْتَمِسُوا نُورًا فَضُرِبَ بَيْنَهُمْ بِسُورٍ
لَهُ بَابٌ بَاطِنُهُ فِيهِ الرَّحْمَةُ وَظَاهِرُهُ مِنْ قِبَلِهِ
الْعَذَابُ ۝

Yauma yaquulul munaafiquuna wal munaafiqaatu lilladziina aamanun zhuruunaa naqtabis min nuurikum, qiilarji'uu waraa-akum faltamisuu nuuraa, fadhuriba bainahum bisuuril lahuu baabun, baathinuhuu fiihir rahmatu wa zhaahiruhuu min qablihil 'adzaab.

14. Wong munafik padha ambengoki marang wong Mu'min: "Punapa kula punika

١٤- يُنَادُونَهُمْ أَلَمْ نَكُنْ مَعَكُمْ قَالُوا بَلَىٰ وَلَٰكِنَّكُمْ

sanes mitra panjenengan?". Wangsulane: "Hiya bener! ananging kowe kabeh padha gawe fitnah awakmu dhewe, kowe tansah ngantekake asore wong Mu'min. Lan kowe kabeh padha mamang ing Agamaning Allah, kowe kabeh wus padha kabujuk dening angen-angenmu dhewe kang ngaya-wara! Sahengga teka prentahing Allah ing atimu, lan kowe wus kabujuk dening syetan kang wasis banget pambujuke.

فَتَنْتُمْ اَنْفُسَكُمْ وَتَرَبَّصْتُمْ وَارْتَبْتُمْ وَغَرَّتْكُمُ
الْاَمَانِيُّ حَتّٰى جَآءَ اَمْرُ اللّٰهِ وَغَرَّكُمْ بِاللّٰهِ الْغَرُوْرُ ۝

Yunaaduunahum alan nakum ma'akum, qaaluu balaa walaakinnakum fatantum anfusakum wa tarabbash-tum wartabtum wa gharratkumul amaaniyyu hattaa jaa-a amrullaahi wa gharrakum billaahil gharuur.

15. Ing dina iki kowe lan wong kafir kabeh ora dipundhuti tebusan. Panggonanmu Neraka. Hiya iku panggonanmu kang ngayomi lan ala-alane panggonan bali.

١٥- فَالْيَوْمَ لَا يُؤْخَذُ مِنْكُمْ فِدْيَةٌ وَّلَا مِنَ الَّذِيْنَ
كَفَرُوْا ۭ مَاْوٰىكُمُ النَّارُ ۭ هِيَ مَوْلٰىكُمْ ۭ وَبِئْسَ
الْمَصِيْرُ ۝

Falyauma laa yu'khadzu minkum fidyatuw walaa minal ladziina kafaruu, ma'waakumun naaru hiya maulaakum, wa bi'sal mashiir.

16. Apa durung mangsane para wong Mu'min konjem atine eling marang Allah, sarta wong-wong iku aja kaya kahanane wong-wong ahli Kitab sadurunge, jalaran wus kasuwen mangsane (ana ing kelalen), nganti atos atine, sarta akeh-akehe wong mau padha fasik (duraka)!

١٦- اَلَمْ يَاْنِ لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنْ تَخْشَعَ قُلُوْبُهُمْ لِذِكْرِ
اللّٰهِ وَمَا نَزَلَ مِنَ الْحَقِّ ۙ وَلَا يَكُوْنُوْا كَالَّذِيْنَ اُوْتُوا
الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلُ فَطَالَ عَلَيْهِمُ الْاَمَدُ فَقَسَتْ
قُلُوْبُهُمْ ۭ وَكَثِيْرٌ مِّنْهُمْ فٰسِقُوْنَ ۝

Alam ya'ni lilladziina aamanuu an takh-sya'a quluubuhum lidzikrillaahi wa maa nazala minal haqqi walaa yakuunuu kalladziina uutul kitaaba min qablu fathaala 'alaihimul amadu faqasat quluubuhum, wa katsiirum minhum faasiquun.

17. Sira padha sumurupa! satemene Allah iku wus nguripake Bumi sawuse matine. Temen Ingsun wus nerangake tandha-tandha KaagunganIngsun, ing supaya sira padha mikir-mikir.

١٧- اِعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ يُحْيِ الْاَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۭ قَدْ
بَيَّنَّا لَكُمُ الْاٰيٰتِ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۝

Flamuu annallaaha yuhyil ardha ba'da mautihaa, qad bayyannaa lakumul aayaati la'allakum ta'qiluun.

18. Sanyata wong kang padha tumindak bener (ing Allah lan UtusaNe), lanang lan

١٨- اِنَّ الْمُصَّدِّقِيْنَ وَالْمُصَّدِّقٰتِ وَاَقْرَضُوا اللّٰهَ
قَرْضًا حَسَنًا يُّضٰعَفُ لَهُمْ وَلَهُمْ اَجْرٌ كَرِيْمٌ ۝

wadon, lan padha ngutangi kabecikan marang Allah, wong iku bakal tampa ganjaran leliru atikel, lan isih kaparingan maneh ganjaran kang mulya.

Innal mushshaddiqiina wal mushshaddiqaati wa aqradhullaaha qardhan hasanay yudhaa'afu lahum wa lahum ajrun kariim.

19. Dene wong kang padha iman ing Allah lan para UtusaNe, wong-wong kang kaya mangkono iku kang padha temen, sarta padha anjumenengi dadi saksi ana ngarsa dalem Allah. Lan wong iku bakal nampa ganjaran lan pepadhaNge Allah. Dene wong kafir lan padha maido ing Ayat-ayat-Ingsun, wong kang mangkono mau padha manggon ing Neraka Jahim.

١٩- وَالَّذِينَ آمَنُوا بِاللَّهِ وَرُسُلِهِ أُولَٰئِكَ هُمُ الصِّدِّيقُونَ ۖ وَالشُّهَدَاءُ عِندَ رَبِّهِمْ ۖ لَهُمْ أَجْرُهُمْ وَنُورُهُمْ ۖ وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ۝

Walladziina aamanuu billaahi wa rusulihii ulaa-ika humush shiddiiquuna wasysyuhadaa-u 'inda rabbihim, lahum ajruhum wa nuuruhum, walladziina kafaruu wa kadzdzabuu bi-aayaatinaa ulaa-ika ashhaabul jahiim.

20. Sira padha mangertia, sanyata kauripan ing Donya saantarane sira kabeh, iku mung dolanan, lelahanan, pepaesan, lan unggul-unggulan, sarta akeh-akehan bandha lan anak. Kauripan Donya kang mangkono iku upamane kaya banyu udan. Sawuse tumiba ing Bumi [973] banjur nukulake thethukulan, anggumunake marang wong-wong tani, ing sabanjure thethukulan mau tuwuh, nuli katon kuning, banjur garing nglingking. Ing Akherat ana paseksen abot lan pangapurane Allah tuwin karidlane. Lan ora ana kauripan Donya iku kajaba mung bebungah (kasenengan sawatara) kang ngapusi.

٢٠- اعْلَمُوا أَنَّمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا لَعِبٌ وَلَهْوٌ وَزِينَةٌ وَتَفَاخُرٌ بَيْنَكُمْ وَتَكَاثُرٌ فِي الْأَمْوَالِ وَالْأَوْلَادِ ۖ كَمَثَلِ غَيْثٍ أَعْجَبَ الْكُفَّارَ نَبَاتُهُ ثُمَّ يَهِيجُ فَتَرَاهُ مُصْفَرًّا ثُمَّ يَكُونُ حُطَامًا ۖ وَفِي الْآخِرَةِ عَذَابٌ شَدِيدٌ وَمَغْفِرَةٌ مِّنَ اللَّهِ وَرِضْوَانٌ ۚ وَمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا مَتَاعُ الْغُرُورِ ۝

I'lamuu annamal hayaatud dunyaa la'ibuw wa lahwuw wa ziinatuw wa tafaakhurum bainakum wa takaatsurun fil amwaali wal aulaad, kamatsali ghaitsin a'jabal kuffaara nabaatuhuu tsumma yahiiju fataraahu mushfarran tsumma yakuunu huthaamaa, wa fil aakhirati 'adzaabun syadiiduw wa maghfiratum minallaahi wa ridhwaanun, wamal hayaatud dunyaa illaa mataa'ul ghuruur.

21. He wong kang padha Mu'min! sira padha balapana ngupaya pangapuraNe Allah Pangeranira lan anggayuha Suwarga kang

٢١- سَابِقُوا إِلَىٰ مَغْفِرَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ وَجَنَّةٍ عَرْضُهَا كَعَرْضِ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ أُعِدَّتْ لِلَّذِينَ آمَنُوا

973). Mirsanana lan kabandhingna katerangan Ayat 48 - 49 surat Al Furqan.

jembare padha karo jembare Langit lan Bumi, kang wus kasadhiyakake tomrap wong kang padha iman ing Allah lan para Utusan-Ne. Kanugrahaning Allah kang mangkono iku kaparingake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, lan Allah iku kang kagungan Kanugrahan kang Agung!

بِاللّٰهِ وَرُسُلِهٖ ۗ ذٰلِكَ فَضْلُ اللّٰهِ يُؤْتِيْهِ مَنْ يَّشَآءُ ۗ
وَاللّٰهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيْمِ ۝

Saabiquu ilaa maghfiratim mir-rabbikum wa jannatin 'ardhuhaa ka'ardhis samaa-i wal ardhi u'iddat lilladziina aamanuu billaahi wa rusulih, dzaalika fadhlul-laahi yu'tiihi may yasyaa-u, wallaahu dzul fadhlil 'azhiim.

22. Ora ana bilahi kang nempuh ing Bumi, sarta kang nempuh ing sira, kajaba wus katulis ana ing Kitab (Lauhul Mahfuzh) sadurunge bilahi iku Ingsun lahirake, sanyata kang mangkono mau gampang banget mung-guhing Allah.

٢٢- مَآ اَصَابَ مِنْ مُّصِيْبَةٍ فِى الْاَرْضِ وَلَا فِىْٓ اَنْفُسِكُمْ
اِلَّا فِىْ كِتٰبٍ مِّنْ قَبْلِ اَنْ نَّبْرَاَهَا ۗ اِنَّ ذٰلِكَ عَلَى
اللّٰهِ يَسِيْرٌ ۝

Maa ashaaba mim mushiibatin fil ardhi walaa fii anfusikum illaa fii kitaabim min qabli an nabra-ahaa, inna dzaalika 'allaahi yasiir.

23. Supaya sira aja padha susah ingatase kelangan barang, lan aja bungan katekan barang anyar! Allah iku ora rena marang sakabehing uwong kang ambeg adigung tur kumaluhur!

٢٣- لِّكَيْلَا تَاْسَوْا عَلٰى مَا فَاتَكُمْ وَلَا تَفْرَحُوْا بِمَآ اٰتٰىكُمْ ۗ
وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ كُلَّ مُخْتَالٍ فَخُوْرِ ۙ

Likailaa ta'sau 'alaa maa faatakum walaa tafrahuu bimaa aataakum, wallaahu laa yuhibbu kulla mukhtaalin fakhuur.

24. Kang padha cethil, lan prentah marang para manungsa supaya padha cethil uga. Lan sing sapa mengo saka prentah-prentah-ing Allah, satemene Allah iku Dzat kang Sugih tur Maha Pinuji.

٢٤- اِلَّذِيْنَ يَبْخَلُوْنَ وَيَاْمُرُوْنَ النَّاسَ بِالْبُخْلِ ۗ وَمَنْ
يَّتَوَلَّ فَاِنَّ اللّٰهَ هُوَ الْغَنِىُّ الْحَمِيْدُ ۝

Alladziina yabkhaluuna wa ya'muruunan naasa bil bukhli, wamay yatawalla fa-innallaaha huwal ghaniyyul hamiid.

Wesi (steel) iku Kanugrahaning Allah, pokok kakuwatan kanggo Bangsa lan Agama.

25. Lan yekti Ingsun wus angutus para andika UtusanIngsun padha ngampil Ayat Kaagungan kang pratela, sarta Ingsun kan-theni Kitab Suci, sarta Timbangan Adil, supaya para manungsa enggal padha netepi

٢٥- لَقَدْ اَرْسَلْنَا رُسُلَنَا بِالْبَيِّنٰتِ وَاَنْزَلْنَا مَعَهُمُ
الْكِتٰبَ وَالْمِيْزَانَ لِيَقُوْمَ النَّاسُ بِالْقِسْطِ ۚ وَاَنْزَلْنَا
الْحَدِيْدَ فِيْهِ بَاْسٌ شَدِيْدٌ وَّمَنَافِعُ لِلنَّاسِ

kalawan adil. Lan maneh Ingsun wus nurunake wesi (steel) kang duwe kakuwatan-gedhe (rosa) tur akeh paedahe marang para manungsa. Allah bakal Nguningani marang wong kang nulungi Agamane Allah, lan para andika UtusaNe, kalawan percaya ing janji-janjiNe Allah kang isih ghaib. Sanyata Allah iku kagungan Kakuwatan lan kagungan Kamenangan.

وَلِيَعْلَمَ اللّٰهُ مَنْ يَّنْصُرُهٗ وَرُسُلَهٗ بِالْغَيْبِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ قَوِيٌّ عَزِيْزٌ ۝ ع ٤ ٣ ١٩

Laqad arsalnaa rusulanaa bil bayyinaati wa anzala ma'ahumul kitaaba wal miizaana liyaquuman naasu bilqis-thi wa anzalnal hadiida fiihi ba'sun syadiiduw wa manaafi'u linnaasi wa liya'lamallaahu may yanshuruhuu wa rusulahuu bil ghaiib, innallaaha qawiyyun 'aziiz.

26. Lan temen Ingsun wus angutus Nuh lan Ibrahim, sarta Ingsun wus namtokake tedhak turun sakarone mau, Sun paringi Kanabian lan Kitab. Saweneh saka turunane ana kang gelem ngalap Pituduh, lan akeh-akehe padha fasik (duraka).

٢٦- وَلَقَدْ اَرْسَلْنَا نُوْحًا وَّاِبْرٰهِيْمَ وَجَعَلْنَا فِيْ ذُرِّيَّتِهِمَا النُّبُوَّةَ وَالْكِتٰبَ فَمِنْهُمْ مُّهْتَدٍ ۚ وَكَثِيْرٌ مِّنْهُمْ فٰسِقُوْنَ ۝

Walaqad arsalnaa nuuhaw wa ibraahiima wa ja'alnaa fii dzurriyyatihiman nubuwwata wal kitaaba faminhum muhtadin wa katsiirum minhum faasiquun.

Ora ana rahbaniyah (ada-ada mandhita) ing Agama Allah.

27. Sapungkure Nuh lan Ibrahim tumuli Ingsun tungka kautuse para UtusanIngsun, lan Ingsun tungka maneh kalawan kautuse 'Isa putrane Maryam, sarta Sun paringi Kitab Injil. Ingsun wus andadekake rasa welas lan asih ana ing atine para kang padha andherek 'Isa. Lan wong-wong mau padha mandhita,[974] ora marga ana dhawuh saka ngarsanIngsun, ananging mung karana golek karidlaning Allah. Ing wusana wong-wong iku ora padha bisa netepi mandhita kalawan sabener-benere. Para wong Mu'min saka pandhereke 'Isa mau Ingsun paringi ganjarane, lan akeh-akehe padha fasik (duraka).

٢٧- ثُمَّ قَفَّيْنَا عَلٰٓى اٰثَارِهِمْ بِرُسُلِنَا وَقَفَّيْنَا بِعِيْسَى ابْنِ مَرْيَمَ وَاٰتَيْنٰهُ الْاِنْجِيْلَ ۙ وَجَعَلْنَا فِيْ قُلُوْبِ الَّذِيْنَ اتَّبَعُوْهُ رَاْفَةً وَّرَحْمَةً ۭ وَرَهْبَانِيَّةَ ۨ ابْتَدَعُوْهَا مَا كَتَبْنٰهَا عَلَيْهِمْ اِلَّا ابْتِغَاۗءَ رِضْوَانِ اللّٰهِ فَمَا رَعَوْهَا حَقَّ رِعَايَتِهَا ۚ فَاٰتَيْنَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْهُمْ اَجْرَهُمْ ۚ وَكَثِيْرٌ مِّنْهُمْ فٰسِقُوْنَ ۝

Tsumma qaffainaa 'alaa aatsaarihim birusulinaa wa qaffainaa bi 'iisabni maryama wa aatainaahul injiila wa ja'alnaa fii quluubil ladziinat taba'uuhu ra'fataw wa rahmah, wa rahbaaniyyata (n)ibtada'uuhaa maa katabnaahaa 'alaihim illab

974) Rahbaniyah punika maksudipun mandhita ingkang boten krama utawi boten emah-emah (wadat) lan gesangipun wonten biara (ngeker sarira ing papan ingkang mirunggan kangge para pandhita).

tighaa-a ridhwaanillaahi famaa ra'auhaa haqqa ri'aayatihaa, fa-aatainal ladziina aamanuu minhum ajrahum, wa katsiirum minhum faasiquun.

٢٨- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَءَامِنُوا۟ بِرَسُولِهِۦ يُؤْتِكُمْ كِفْلَيْنِ مِن رَّحْمَتِهِۦ وَيَجْعَل لَّكُمْ نُورًا تَمْشُونَ بِهِۦ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ۚ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

28. He wong-wong kang padha Mu'min (ahli Kitab), sira padha wedia marang Allah lan padha ngestokna marang UtusaNe. Allah bakal maringi Rahmat marang sira kabeh rong bagean. Sarta maringi pepadhang marang sira kabeh, madhangi satindak-lakunira, mangkono uga PanjenengaNe paring Pangapura ing sira kabeh, Allah iku rena paring Pangaksama tur Maha Asih.

Yaa ayyuhal ladziina aamanut taqullaaha wa aamanuu birasuulihii yu'tiikum kiflaini mir rahmatihii wa yaj'al lakum nuuran tamsyuuna bihii wa yaghfir lakum, wallaahu ghafuurur rahiim.-

٢٩- لِّئَلَّا يَعْلَمَ أَهْلُ ٱلْكِتَٰبِ أَلَّا يَقْدِرُونَ عَلَىٰ شَىْءٍ مِّن فَضْلِ ٱللَّهِ وَأَنَّ ٱلْفَضْلَ بِيَدِ ٱللَّهِ يُؤْتِيهِ مَن يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ ذُو ٱلْفَضْلِ ٱلْعَظِيمِ ۝

29. Ingsun terangake kang kaya mangkono iku, perlune supaya para wong ahli Kitab padha mangerti manawa dheweke ora nguwasani sathithik-thithika saka Kanugrahan peparinge Allah, lan sanyata Kanugrahan iku kaasta dening Allah piyambak, kaparingake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe, Allah iku kagungan Kanugrahan kang agung.

***)

Li-allaa ya'lama ahlul kitaabi allaa yaqdiruuna 'alaa syai-im min fadhlillaahi wa annal fadhla biyadillaahi yu'tiihi may yasyaa', wallaahu dzul fadhlil 'azhiim.

***). Kalih katerangan ingkang taksih manunggil ancas-tujuan utawi interkorelasi antawisipun surat Al Hadiid kalayan surat Al Mujaadalah, ingkang penting kados ing ngandhap punika:

1. Ing akhir surat Al Hadiid anyebataken bilih hamung Allah piyambak ingkang kagungan kanugrahan ingkang kaparingaken dhumateng para Wanita ing sa'alam Donya, inggih punika nyuwak lan ngicali prakawis-prakawis ingkang damel kasangsaranipun Wanita ing Hukum Nikah (salaki rabi) bab Zhihar ingkang rumiyin lumampah ing Jaman Jahiliyah Arab.
2. Wonten ing surat Al Hadiid kasebataken kapentinganipun manungsa ing bahan energi saking tosan (steel) ingkang wonten jaman modern sapunika dados bahan-pokok Industri Awrat ing kalangan teknologi mutakhir. Peloporipun Kanjeng Nabi Dawud a.s. ingkang ugi jumeneng Nata ing krajan Israil ing Yerusalim, dumugi dinasti Raja binathara ugi Nabi Sulaiman a.s. (tahun 1000 tahun saderengipun 'Isa a.s.). Dene ing surat Al Mujaadalah anerangaken bilih Allah piyambak ingkang Maha Nupiksa ing sadaya gineman ingkang dipun damel wados!

AL MUJAADALAH (WANITA KANG NGAJOKAKE GUGATAN)

Surat kaping 58 : 22 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, sawuse surat Al Munaafiquun.

JUZ 28

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Temen Allah wus Midhanget ature wong wadon kang sumela atur marang sira Muhammad, ing prekaraning bojone, anggone wus nyalathoni Zhihar[975] marang dheweke, lan wong wadon mau wadul marang Allah. Allah Miarsa soal-jawabira wong loro, satemene Allah iku Miarsa tur Maha Priksa.

١ - قَدْ سَمِعَ اللّٰهُ قَوْلَ الَّتِيْ تُجَادِلُكَ فِيْ زَوْجِهَا وَ تَشْتَكِيْٓ اِلَى اللّٰهِ ۖ وَاللّٰهُ يَسْمَعُ تَحَاوُرَكُمَا ۗ اِنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌۢ بَصِيْرٌ ٥

Qad sami'allaahu qaulal latii tujaadiluka fii zaujihaa wa tasytakii ilallaahi, wallaahu yasma'u tahaawura kumaa, innallaaha samii'um bashiir.

2. Wong-wong kang padha ngucapake Zhihar marang bojone saka sira kabeh, bojone iku dudu embokne. Dene embokne

٢ - اَلَّذِيْنَ يُظٰهِرُوْنَ مِنْكُمْ مِّنْ نِّسَآئِهِمْ مَّا هُنَّ اُمَّهٰتِهِمْ ۗ اِنْ اُمَّهٰتُهُمْ اِلَّا اٰلِيْ وَلَدْنَهُمْ ۗ وَ

---

975). Sababipun tumuruning ayat punika, sesambetan masalah Nikah Talak Ruju' (N.T.R.) warisan jaman Jahiliyah. Wonten satunggaling wanita naminipun Khaulah binti Tsa'labah ingkang dipun zhihar dening simahipun jaler nami Aus bin Shamit. Zhihar inggih punika wicantenipun tiyang jaler dhateng simahipun estri: "Kanggoku sira iku dakanggep gegere Ibuku!", sarana maksud boten malih srawung sesimahan, ceplosipun ing adat Jahiliyah ateges talak! (Makaten dipun Riwayataken Ashhaabussunan, ing kitab Taaj IV: 228, lan kitab Nailul Authar VI: 278). Salajengipun katerangaken bilih Khaulah binti Tsa'labah wau ngaturaken gugatan hukum dhateng ngarsanipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. nyuwun pangadilan (kaputusan). Rasulullah ngandika, bilih dereng wonten kaputusan hukum saking ngarsa dalem Allah! (Hadist ingkang ngriwayataken punika perkawis panjang lan warni-warni). Ing riwayat sanes, anerangaken bilih Rasulullah s.a.w. ngandika: "Sira wus ora kena maneh kumpul (saresmi) karo bojonira!" Lajeng Khaulah matur malih: "Simah kula jaler dereng ngucap tetembungan talak!" Wongsalwangsul Khaulah sowan nyuwun katamtuan hukum ingkang cetha, malah kepara ngujeg-ujeg Panjenenganipun Rasulullah s.a.w. kados pundi Wahyu kaputusanipun Allah ing perkawis punika, tumunten tumurun ayat kasebat ing nginggil, kados ingkang kaweca ayat: 1 - 4.

Dados wonten ing syari'at Islam tiyang jaler ingkang ngucapaken Zhihar dhateng simahipun estri punika kedah ndhawahaken talak. Manawi boten purun megat (talak) kedah bayar kifarat (dhendha) merdikaken batur tukon satunggal, manawi boten, kedah puasa, kedah nyukani tetedhan tiyang miskin sawidak saben tiyang miskin satunggal kalih mud (1,5 kg). Manawi kifarat wau sampun katindakaken saweg kenging kempal malih kaliyan simahipun estri.

iku wong wadon kang nglahirake dheweke. Lan temen wong-wong iku padha ngucapake ucapan munkar lan goroh. Allah iku kapareng nglebur lan paring pangaksama marang dosane won Mu'min.

إِنَّهُمْ لَيَقُولُونَ مُنكَرًا مِّنَ الْقَوْلِ وَزُورًا ۚ
وَإِنَّ اللَّهَ لَعَفُوٌّ غَفُورٌ ۝

Alladziina yuzhaahiruuna minkum min nisaa-ihim maa hunna ummahaatihim, in ummahaatuhum illallaa-ii waladnaahum, wa innahum yaquuluuna munkaram minal qauli wazuuraa, wa innallaaha la'afuwwun ghafuur.

3. Lan wong-wong kang padha nyalathoni Zhihar marang bojone, banjur blenjani pangucape dhewe, ora megat bojone; wong iku kudu mardikakake batur tukon siji, sadurunge sakarone padha kumpul. Kang mangkono iku dadia pitutur tumrap sira kabeh, Allah iku Maha Priksa marang barang kang sira lakoni.

٣- وَالَّذِينَ يُظَاهِرُونَ مِن نِّسَآئِهِمْ ثُمَّ يَعُودُونَ
لِمَا قَالُوا فَتَحْرِيرُ رَقَبَةٍ مِّن قَبْلِ أَن يَتَمَآسَّا ۚ
ذَٰلِكُمْ تُوعَظُونَ بِهِۦ ۚ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ۝

Walladziina yuzhaahiruuna min nisaa-i him tsumma ya'uuduuna limaa qaaluu fatahriiru raqabatim min qabli ay-yatamaassaa, dzaalikum tuu'azhuuna bihii, wallaahu bimaa ta'maluuna khabiir.

4. Sing sapa ora bisa oleh batur tukon, kudu pasa rong sasi terus-terusan, dilakoni sadurunge sakalorone padha kumpul. Manawa wong iku ora kuwat pasa, kudu aweh pangan marang wong miskin sawidak! Kang mangkono iku supaya sira banjur padha iman marang Allah lan UtusaNe. Lah mangkono iku wates-watese hukum Allah. Wong kang padha kafir bakal kapatrapan siksa kang nglarani.

٤- فَمَن لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ شَهْرَيْنِ مُتَتَابِعَيْنِ مِن
قَبْلِ أَن يَتَمَآسَّا ۖ فَمَن لَّمْ يَسْتَطِعْ فَإِطْعَامُ
سِتِّينَ مِسْكِينًا ۚ ذَٰلِكَ لِتُؤْمِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ۚ
وَتِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ ۗ وَلِلْكَٰفِرِينَ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Famallam yajid fashiyaamu syahraini mutataabi'aini min qabli ay-yatamaassaa, famallam yas-tathi' fa-ith'aamu sittiina miskiinaa, dzaalika litu'minuu billaahi warasuulih, wa tilka huduudullaah, wa lil-kaafiriina 'adzaabun aliim.

5. Sanyata wong-wong kang padha nerjang wewalering Allah lan UtusaNe, wong iku bakal padha diasorake kaya dene lelakone wong kafir sadurunge. Temen Ingsun wus nurunake tandha yekti kang pratela. Lan wong-wong kafir iku bakal kapatrapan siksa kang nginakake.

٥- إِنَّ الَّذِينَ يُحَآدُّونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُۥ كُبِتُوا كَمَا كُبِتَ
الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ وَقَدْ أَنزَلْنَآ آيَٰتٍۭ بَيِّنَٰتٍ ۚ
وَلِلْكَٰفِرِينَ عَذَابٌ مُّهِينٌ ۝

Innalladziina yuhaadduunallaaha wa rasuulahuu kubituu kamaa kubitalladziina min qablihim waqad anzalnaa aayaatim bayyinaat, wa lil-kaafiriina 'adzaabum muhiin.

٦ - يَوْمَ يَبْعَثُهُمُ اللّٰهُ جَمِيْعًا فَيُنَبِّئُهُمْ بِمَا عَمِلُوْا ؕ
أَحْصٰهُ اللّٰهُ وَنَسُوْهُ ؕ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ شَهِيْدٌ ۝

Yauma yab'atsuhumullaahu jamii'an fayunabbi-uhum bimaa 'amiluu, ah-shaahul laahu wa nasuuh, wallaahu 'alaa kulli syai-in syahiid.

6. Yaiku besuk ana dinaning Allah nangekake wong iku kabeh saka ing kubur, Allah banjur nerangake apa 'amal kang wus ditindakake. Allah wus nyathet 'amal iku, nanging wong-wong iku padha lali marang 'amale. Sanyata Allah iku Nekseni ing atase kabeh barang.

Cacad gedhe tumrap wong kang gawe rembugan wadi kanggo mungsuhi Islam.

٧ - أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ
مَا يَكُوْنُ مِنْ نَّجْوٰى ثَلٰثَةٍ إِلَّا هُوَ رَابِعُهُمْ وَلَا
خَمْسَةٍ إِلَّا هُوَ سَادِسُهُمْ وَلَآ أَدْنٰى مِنْ ذٰلِكَ
وَلَآ أَكْثَرَ إِلَّا هُوَ مَعَهُمْ أَيْنَ مَا كَانُوْا ۚ ثُمَّ
يُنَبِّئُهُمْ بِمَا عَمِلُوْا يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ؕ إِنَّ اللّٰهَ بِكُلِّ
شَيْءٍ عَلِيْمٌ ۝

Alam tara annallaaha ya'lamu maa fissamaawaati wamaa fil ardhi, maa yakuunu min najwaa tsalaatsatin illaa huwa raabi'uhum walaa khamsatin illaa huwa saadisuhum walaa adnaa min dzaalika walaa aktsara illaa huwa ma'ahum aina maa kaanuu, tsumma yunabbi-uhum bimaa 'amiluu yaumal qiyaamati, innallaaha bikulli syai-in 'aliim.

7. Sira Muhammad, apa ora weruh sanyata Allah iku Nguningani kabeh barang kang ana ing Langit lan kabeh barang kang ana ing Bumi, ora ana wong telu kang lagi padha rerasanan, kajaba PanjenengaNe Allah mesthi kang mapati. Lan ora ana wong lima kang lagi padha rerasanan, kajaba PanjenengaNe Allah ngenemi. Lan ora ana wong kang rerasanan luwih sathithik utawa luwih akeh cacahe saka samono iku, ana ing panggonan ngendi bae, kajaba Allah mesthi anartani wong-wong mau. Ing besuk dina Qiyamat Allah bakal nerangake marang wong-wong iku apa 'amal kang wus padha ditindakake, sanyata Allah iku Nguningani kabeh barang.

٨ - أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِيْنَ نُهُوْا عَنِ النَّجْوٰى ثُمَّ يَعُوْدُوْنَ
لِمَا نُهُوْا عَنْهُ وَيَتَنٰجَوْنَ بِالْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ
وَمَعْصِيَتِ الرَّسُوْلِ ۖ وَإِذَا جَآءُوْكَ حَيَّوْكَ بِمَا
لَمْ يُحَيِّكَ بِهِ اللّٰهُ ۙ وَيَقُوْلُوْنَ فِيْٓ أَنْفُسِهِمْ لَوْلَا
يُعَذِّبُنَا اللّٰهُ بِمَا نَقُوْلُ ؕ حَسْبُهُمْ جَهَنَّمُ ۚ يَصْلَوْنَهَا ۚ
فَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ۝

8. Sira Muhammad, apa ora weruh wong kang dicegah rerembugan, banjur padha bali nglakoni barang kang kacegah mau, yaiku padha rerembugan perkara dosa, memungsuhan lan ambalela prentahe Rasulullah. Lan nalikane padha sowan marang sira, banjur padha aweh pakurmatan kang ora didhawuh-

ake dening Allah,[976] wong-wong iku padha ngunandika ing sajeroning ati: "Cikben aku disiksa dening Allah jalaran anggonku celathu iki". Pangandikane Allah: "Wong-wong iku cukup kacemplungake Neraka Jahanam, yaiku ala-alane pangungsen."

Alam tara ilalladziina nuhuu 'anin najwaa tsumma ya'uuduuna limaa nuhuu 'anhu wa yatanaajauna bil itsmi wal 'udwaani wa ma'shiyatir rasuuli wa idzaa jaa-uuka hayyauka bimaa lam yuhayyika bihillaahu wa yaquuluuna fii anfusihim laulaa yu'adzdzibunal-laahu bimaa naquul, hasbuhum jahannamu yashlaunahaa fabi'sal mashiir.

9. He para wong Mu'min kabeh! manawa sira padha rerembugan, poma aja rerembugan perkara dosa lan memungsuhan, apa dene balela prentahe Rasulullah. Ananging padha rerembugana perkara becik lan taqwa ing Allah, sira wedia ing Allah, sira bakal disowanake ing Ngarsa dalem Allah.

٩- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا تَنَاجَيْتُمْ فَلَا تَتَنَاجَوْا بِالْاِثْمِ وَالْعُدْوَانِ وَمَعْصِيَتِ الرَّسُوْلِ وَتَنَاجَوْا بِالْبِرِّ وَالتَّقْوٰى وَاتَّقُوا اللّٰهَ الَّذِيْٓ اِلَيْهِ تُحْشَرُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa tanaajaitum falaa tatanaajau bil itsmi wal 'udwaani wa ma'shiyatir rasuuli wa tanaajau bil birri wattaqwaa, wattaqullaahal ladzii ilaihi tuhsyaruun.

10. Sanyata rerasanan perkara dosa iku terang saka pakone syetan, kang perlune mung arep gawe susahe para wong Mu'min, ananging sathithik bahe ora bisa gawe kemelaratane wong Mu'min, kajaba yen Allah wus ngidzini, para wong Mu'min padha sumaraha marang Allah.

١٠- اِنَّمَا النَّجْوٰى مِنَ الشَّيْطٰنِ لِيَحْزُنَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَلَيْسَ بِضَاۤرِّهِمْ شَيْـًٔا اِلَّا بِاِذْنِ اللّٰهِ ۗ وَعَلَى اللّٰهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُوْنَ ۝

Innaman najwaa minasy syaithaani liyahzunal ladziina aamanuu wa laisa bidhaarrihim syai-an illaa bi-idznillaah, wa 'alallaahi falyatawakkalil mu'minuun.

Tatakrama musyawarah ana ing majlis kalawan Nabi s.a.w.

11. He para wong Mu'min kabeh! manawa sira didhawuhi supaya kapenak anggonira padha lelungguhan ana ing majlis, mula padha kepenakna, aja suk-sukan, Allah bakal paring kepenak marang sira kabeh. Lan manawa didhawuhi supaya padha bubaran mangka padha bubarana! Allah bakal ngluhurake para wong Mu'min saka sira kabeh, apa dene wong kang padha kaparingan 'ilmu, kalawan pirang-pirang derajat. Allah iku Waspada marang barang kang sira tindakake.

١١- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا قِيْلَ لَكُمْ تَفَسَّحُوْا فِى الْمَجٰلِسِ فَافْسَحُوْا يَفْسَحِ اللّٰهُ لَكُمْ ۚ وَاِذَا قِيْلَ انْشُزُوْا فَانْشُزُوْا يَرْفَعِ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْكُمْ ۙ وَالَّذِيْنَ اُوْتُوا الْعِلْمَ دَرَجٰتٍ ۗ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ۝

976) Titiyang Yahudi sering ngaturaken salam pakurmatan dhumateng Rasulullah s.a.w. sarana ucapan samar-samar: "As-Saamu'alaika" artosipun: "Mati sira!". Jawabipun Nabi: "Wa'alaika!" artosipun: "Sira uga!"

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa qiila lakum tafassahuu fil majaalisi fafsahuu yafsahillaahu lakum, wa idzaa qiilan-syuzuu fansyuzuu yarfa'illaahul ladziina aamanuu minkum walladziina uutul 'ilma darajaat, wallaahu bimaa ta'maluuna khabiir.

12. He para wong Mu'min kabeh! manawa sira arep duwe atur (wadi) marang Rasulullah, sadurunge sira ngaturake aturira, sira sedhekaha marang wong miskin, kang mangkono iku luwih becik tur dadine luwih nucekake ing sira kabeh. Dene manawa sira ora duwe apa-apa, sanyata Allah iku kapareng paring pangaksama tur Asih.

١٢- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا نَاجَيْتُمُ الرَّسُوْلَ فَقَدِّمُوْا
بَيْنَ يَدَيْ نَجْوٰىكُمْ صَدَقَةً ۗ ذٰلِكَ خَيْرٌ لَّكُمْ
وَاَطْهَرُ ۗ فَاِنْ لَّمْ تَجِدُوْا فَاِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa naajaitumur rasuula faqaddimuu baina yaday najwaakum shadaqatan, dzaalika khairul lakum wa ath-har, fa-illam tajiduu fa-innallaaha ghafuurur rahiim.

13. Apa sira padha kuwatir melarat, manawa sira aweh sedhekah luwih dhisik sadurunge matur marang Rasulullah; satemah manawa sira ora padhe gelem ngestokake, Allah wus paring tobat ing sira kabeh, sira banjur padha ngedegna Shalat, lan padha aweha Zakat, lan maneh sira padha ngabektia marang Allah lan UtusaNe, Allah iku Waspada marang barang kang padha sira tindakake.

١٣- ءَاَشْفَقْتُمْ اَنْ تُقَدِّمُوْا بَيْنَ يَدَيْ نَجْوٰىكُمْ
صَدَقٰتٍ ۗ فَاِذْ لَمْ تَفْعَلُوْا وَتَابَ اللّٰهُ عَلَيْكُمْ
فَاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتُوا الزَّكٰوةَ وَاَطِيْعُوا اللّٰهَ وَ
رَسُوْلَهٗ ۗ وَاللّٰهُ خَبِيْرٌۢ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ۝

A-asyfaqtum an tuqaddimuu baina yaday najwaakum shadaqaat, fa-idz lam taf'aluu wa taaballaahu 'alaikum fa-aqiimush shalaata wa aatuz zakaata wa athii'ullaaha wa rasuulah, wallaahu khabiirum bimaa ta'maluun.

Pepacuh ngangkat Pemimpin saliyane wong Islam.

14. Apa sira ora weruh marang wong kang kabendon dening Allah, yaiku wong kang padha laku lamis, dheweke iku ora kalebu golonganira lan ora anggolong marang wong kafir. Dheweke padha sumpah kalawan goroh, ing mangka wus padha mangerti!

١٤- اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ تَوَلَّوْا قَوْمًا غَضِبَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ ۗ
مَا هُمْ مِّنْكُمْ وَلَا مِنْهُمْ ۙ وَيَحْلِفُوْنَ عَلَى الْكَذِبِ
وَهُمْ يَعْلَمُوْنَ ۝

Alam tara ilalladziina tawallau qauman ghadhiballaahu 'alaihim, maa hum minkum walaa minhum wa yahlifuuna 'alal kadziba wahum ya'lamuun.

15. Allah nyawisi siksa kang abot marang wong iku kabeh, sabab dheweke padha nindakake laku ala.

١٥- اَعَدَّ اللّٰهُ لَهُمْ عَذَابًا شَدِيْدًا ۗ اِنَّهُمْ سَآءَ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ۝

A'addallaahu lahum 'adzaaban syadiidaa, innahum saa-a maa kaanuu ya'maluun.

16. Dheweke padha nganggo aling-aling (tameng) kalawan anggone padha sumpah mau, banjur padha ngalang-alangi wong kang arep mlebu Agamaning Allah. Dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang ngasorake.

١٦- اِتَّخَذُوْٓا اَيْمَانَهُمْ جُنَّةً فَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ فَلَهُمْ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ۝

Ittakhadzuu aimaanahum junnatan fashadduu 'an sabiilillaahi falahum 'adzaabum muhiin.

17. Bandhane lan anake wong-wong iku ora bisa maedahi apa-apa saka siksaning Allah, dheweke bakal padha manggon ana ing Neraka, padha langgeng ana ing kono.

١٧- لَنْ تُغْنِيَ عَنْهُمْ اَمْوَالُهُمْ وَلَآ اَوْلَادُهُمْ مِّنَ اللّٰهِ شَيْـًٔا ۗ اُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ النَّارِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ۝

Lan tughniya 'anhum amwaaluhum wa laa aulaaduhum minallaahi syai-aa, ulaaika ash-haabun naar, hum fiihaa khaaliduun.

18. Besuk dina Qiyamat ing nalikane Allah wus nangekake marang wong iku kabeh, dheweke banjur padha sumpah marang sira kabeh. Pangirane sumpahe iku maedahi marang awake. Di eling! sanyata dheweke iku wus padha goroh.

١٨- يَوْمَ يَبْعَثُهُمُ اللّٰهُ جَمِيْعًا فَيَحْلِفُوْنَ لَهٗ كَمَا يَحْلِفُوْنَ لَكُمْ وَيَحْسَبُوْنَ اَنَّهُمْ عَلٰى شَيْءٍ ۗ اَلَآ اِنَّهُمْ هُمُ الْكٰذِبُوْنَ ۝

Yauma yab'atsu humullaahu jamii'an fayahlifuuna lahuu kamaa yahlifuuna lakum wa yahsabuuna annahum 'alaa syai-in, alaa innahum humul kaadzibuun.

19. Dheweke wus padha kalindhih dening syetan. Syetan banjur nglalekake wong-wong iku saka eling ing Allah. Wong kang mangkono iku sanyata dadi golongane syetan kang kapitunan.

١٩- اِسْتَحْوَذَ عَلَيْهِمُ الشَّيْطٰنُ فَاَنْسٰىهُمْ ذِكْرَ اللّٰهِ ۗ اُولٰٓئِكَ حِزْبُ الشَّيْطٰنِ ۗ اَلَآ اِنَّ حِزْبَ الشَّيْطٰنِ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ۝

Istahwadza 'alaihimusy syaithaanu faansaahum dzikrallaah, ulaa-ika hizbusy syaithaan, laa inna hizbasy syaithaani humul khaasiruun.

20. Sanyata wong kang padha nyulayani (ngelawan) Allah lan UtusaNe iku tetep padha asor.

٢٠- إِنَّ الَّذِينَ يُحَادُّونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ أُولَٰئِكَ فِي الْأَذَلِّينَ ٥

Innalladziina yuhaadduunallaaha wa rasuulahuu ulaa-ika fil adzalliin.

21. Allah wus anetepake, sanyata "Ingsun lan para UtusanIngsun mesthi menang!". Satemene Allah iku kang kagungan Kekuwatan lan kagungan Kamenangan.

٢١- كَتَبَ اللَّهُ لَأَغْلِبَنَّ أَنَا وَرُسُلِي ۚ إِنَّ اللَّهَ قَوِيٌّ عَزِيزٌ ٥

Kataballaahu la-aghlibanna anaa wa rusulii, innallaaha qawiyyun 'aziiz.

22. He Muhammad! sira ora nemu wong kang pancene mono iman marang Allah lan dina Akhir, padha gelem sih-sinihan karo wong kang ambangkang ing Allah lan UtusanNe, sanadyana wong iku jebul Bapakmu dhewe, utawa anake, utawa sadulure, utawa maneh kancane dhewe. Wong kang mangkono iku atine wus padha ditanduri iman, sarta wus diwisuda-dikukuhake kalawan Pitulunging Allah.[977] Allah bakal nglebokake

٢٢- لَا تَجِدُ قَوْمًا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ يُوَادُّونَ مَنْ حَادَّ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَلَوْ كَانُوا آبَاءَهُمْ أَوْ أَبْنَاءَهُمْ أَوْ إِخْوَانَهُمْ أَوْ عَشِيرَتَهُمْ ۚ أُولَٰئِكَ كَتَبَ فِي قُلُوبِهِمُ الْإِيمَانَ وَأَيَّدَهُمْ بِرُوحٍ مِنْهُ ۖ وَيُدْخِلُهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا ۚ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا عَنْهُ ۚ أُولَٰئِكَ حِزْبُ اللَّهِ ۚ أَلَا إِنَّ حِزْبَ اللَّهِ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ٥

Laa tajidu qaumay yu'minuuna billaahi wal yaumil aakhiri yuwaadduuna man haaddallaaha wa rasuulahuu walau kaanuu aabaa-ahum au abnaa-ahum au ikhwaanahum au 'asyiiratahum, ulaa-ika kataba fii quluubihimul iimaana wa ayyadahum biruuhim minhu, wa yudkhiluhum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa, radhiyallaahu 'anhum wa radhuu'anhu, ulaa-ika hizbullaah, alaa inna hizballaahi humul muflihuun.

977). Pitulungipun Allah punika awujud golonggilig manahipun, teguh imanipun, setia tuhu ing mitra, disiplin lan setya ing janji, ingkang nyebabaken pikantuk kamenangan ing Perjoangan!

wong-wong mau ana ing Suwarga kang ing sangisore ana kaline mili, padha langgeng ana ing kono tur pikantuk Karidlaning Allah, sarta wong-wong mau wus padha kalegan nampa peparinging ganjaran saka ngarsa dalem Allah. Di eling! sanyata pendherek wadyabalaNe Allah iku wong-wong kang padha oleh kabegjan jati.

***)

***). Katerangan panutuping surat Al Mujaadilah sesambetan ingkang nunggil misah katerangan lan ancas tujuan, ing antawisipun surat Al Mujaadilah kalayan surat Al Hasyr (Pengusiran), kados kasebat ing ngandhap punika:

1. Ing surat Al Mujaadilah katerangaken bilih titiyang munafik lan titiyang Yahudi sami bantu-biyantu anggenipun memengsahan kalayan ummat Islam, dene wonten ing surat Al Hasyr kasebataken manawi anggenipun bantu-biyantu malah kawon lan cecongkrahan, sabab ummat Islam tetep kiyat imanipun lan kompak manunggil kalayan pimpinanipun Rasulullah s.a.w.
2. Wonten ing akhir surat Al Mujaadilah katerangaken bilih kamenangan tetep wonten pihak Agamining Allah lan Utusanipun, dene wonten ing awal surat Al Hasyr anerangaken bilih pengusiran tumrap Bani Nadhir saking kitha Madinah, punika dados pertandha wiwitanipun kamenangan-kamenangan ingkang badhe dhateng!
3. Kaweca ing surat Al Mujaadilah bilih titiyang ingkang balela ing Allah lan Utusanipun tamtu badhe katiwasan, dene wonten ing surat Al Hasyr katerangaken manawi sintena balela ing Allah lan Utusanipun tamtu badhe kapatrapan siksa Neraka ing Akherat.

AL HASYR (PENGUSIRAN)

Surat kaping 59 : 24 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, sawuse surat Al Bayyinah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Maha nucekake marang ngarsa dalem Allah samubarang kang ana ing Langit lan Bumi. PanjenengaNe Allah kang kagungan Kamenangan tur Maha Wicaksana.

١ - سَبَّحَ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

Sabbaha lillaahi maa fis-samaawaati wa maa fil ardhi wa huwal 'aziizul hakiim.

2. Hiya PanjenengaNe Allah kang wus nundhung wong-wong kafir ahli Kitab saka ing Negarane, nalika tempuking perang ing palagan kang kapisan. Sira padha ora nyana dheweke padha kena kausir, samono uga dheweke padha nyana manawa ora bakal katundhung dening Allah, amarga wus padha tetameng kalawan beteng kang santosa. Ing wusana Allah banjur nundhung wong iku kabeh saka panggonan kang ora dikirak-kirakake. Allah wus nyelehake rasa wedi ana ing atine, satemah wong-wong iku padha ngrusak omahe nganggo tangane dhewe lan tangane para wong Mu'min. Mangka sira padha ngalapa pitutur, he wong kang padha duwe wawasan!

٢ - هُوَ الَّذِيْٓ اَخْرَجَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ مِنْ دِيَارِهِمْ لِاَوَّلِ الْحَشْرِ ۭ مَا ظَنَنْتُمْ اَنْ يَّخْرُجُوْا وَظَنُّوْٓا اَنَّهُمْ مَّانِعَتُهُمْ حُصُوْنُهُمْ مِّنَ اللّٰهِ فَاَتٰىهُمُ اللّٰهُ مِنْ حَيْثُ لَمْ يَحْتَسِبُوْا ۤ وَقَذَفَ فِيْ قُلُوْبِهِمُ الرُّعْبَ يُخْرِبُوْنَ بُيُوْتَهُمْ بِاَيْدِيْهِمْ وَاَيْدِي الْمُؤْمِنِيْنَ ۤ فَاعْتَبِرُوْا يٰٓاُولِي الْاَبْصَارِ ۝

Huwalladzii akhrajal ladziina kafaruu min ahlil kitaabi min diyaarihim li-awwalil hasyr, maa zhanantum ay-yakhrujuu wa zhannuu annahum maa ni'atahum minallaahi fa-ataahumullaahu min haitsu lam yahtasibuu wa qadzafa fii quluubihimur ru'ba yukhribuuna buyuutahum bi-aidiihim wa aidil mu'-miniina fa'tabiruu yaa ulil abshaar.

3. Lan samungguha Allah ora netepake pengusiran tumrap wong ahli Kitab, yekti PanjenengaNe uga nyiksa wong-wong iku

٣ - وَلَوْلَآ اَنْ كَتَبَ اللّٰهُ عَلَيْهِمُ الْجَلَاۗءَ لَعَذَّبَهُمْ فِي الدُّنْيَا ۭ وَلَهُمْ فِي الْاٰخِرَةِ عَذَابُ النَّارِ ۝

ana ing Donya, lan besuk ana ing Akherat bakal kapatrapan siksa Neraka.

Wa laulaa an kataballaahu 'alaihimul jalaa-a la'adzdzabahum fid-dunyaa, wa lahum fil aakhirati 'adzaabun naar.

4. Kang mangkono iku jalaran dheweke padha nyulayani Allah lan UtusaNe, sing sapa nyulayani marang Allah, mangka satemene Allah iku kagungan siksa abot.

٤ - ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ شَآقُّوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ ۚ وَمَنْ يُّشَآقِّ اللّٰهَ فَاِنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ۝

Dzaalika bi-annahum syaaqqullaaha wa rasuulahuu wamay yusyaaqqillaaha fa-innallaaha syadiidul 'iqaab.

5. He para wong Mu'min! uwit kurma (milik wong-wong kafir) [978] kang padha sira tegor utawa sira tinggal ngadeg ana ing tanceb-delege, iku kabeh sarana idzining Allah. Allah bakal ngesorake wong kang padha duraka.

٥ - مَا قَطَعْتُمْ مِّنْ لِّيْنَةٍ اَوْ تَرَكْتُمُوْهَا قَآئِمَةً عَلٰٓى اُصُوْلِهَا فَبِاِذْنِ اللّٰهِ وَلِيُخْزِيَ الْفٰسِقِيْنَ ۝

Maa qatha'tum mil-liinatin au taraktumuu haa qaa-imatan 'alaa ushuulihaa fabi-idznillaahi wa liyukhziyal faasiqiin.

Hukum rampasan (fai')

6. Dene kang diarani bandha rampasan fai' kang diparingake Allah, kang kudu sira pasrahake marang UtusaNe, yaiku bandhane wong kafir kang sira jarah ora kalawan pameksa, ora kalawan peperangan jajaranan utawa nunggang unta. Ananging Allah paring kekuwasaan marang UtusaNe, kena ngedum bandha fai' mau marang sapa bae kang dikarsakake, Allah iku Kuwasa ingatase kabeh barang.

٦ - وَمَآ اَفَآءَ اللّٰهُ عَلٰى رَسُوْلِهٖ مِنْهُمْ فَمَآ اَوْجَفْتُمْ عَلَيْهِ مِنْ خَيْلٍ وَّلَا رِكَابٍ وَّلٰكِنَّ اللّٰهَ يُسَلِّطُ رُسُلَهٗ عَلٰى مَنْ يَّشَآءُ ۚ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Wamaa afaa-allaahu 'alaa rasuulihii minhum famaa aujaftum 'alaihi min khailiw walaa rikaabiw walaakinnallaaha yusallithu rusulahuu 'alaa may yasuaa', walaahu 'alaa kulli syai-in qadiir.

7. Mungguh bandha fai' kang dipasrahake marang UtusaNe kang saka wong kafir

٧ - مَآ اَفَآءَ اللّٰهُ عَلٰى رَسُوْلِهٖ مِنْ اَهْلِ الْقُرٰى فَلِلّٰهِ وَلِلرَّسُوْلِ وَلِذِي الْقُرْبٰى وَالْيَتٰمٰى وَالْمَسٰكِيْنِ وَابْنِ السَّبِيْلِ ۙ كَيْ لَا يَكُوْنَ دُوْلَةً ۢ بَيْنَ الْاَغْنِيَآءِ

---

978) Artosipun taneman kurma kagatosaken saking strategi kapentinganipun benteng kekiyatanipun tiyang kafir Mekkah; badhe dipun tegor utawi kadadosaken barigadhe pertahanan utawi dipun tokaken tuwuh subur punika miturut kaperluanipun (kangge kakiyataning ekonomi), sabab kurma tetedhan pokok ing jaman samanten.

ing sadhengah Negara,[979] iku tumanjane kudu kanggo ngedegake Agamane Allah lan UtusaNe, lan marang sanak kulawargane Rasulullah, lan marang bocah yatim, lan wong miskin, lan wong ngumbara kang kekurangan sangu. Supaya bandha fai' mau ora mung mubeng ana ing antaranira kang sugih-sugih bae. Sira padha nampanana paparinge Rasulullah, lan ninggala barang kang ora kaparingake marang sira. Sira padha wedia ing Allah jalaran satemene Allah iku abot siksane.

مِنكُمْ ۚ وَمَآ ءَاتَىٰكُمُ ٱلرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَىٰكُمْ
عَنْهُ فَٱنتَهُوا۟ ۚ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ

Maa afaa-allaahu 'alaa rasuulihii min ahlil quraa falillaahi wa lirrasuuli wa lidzil qurbaa wal yataamaa wal masaakiini wabnis-sabiili kai laa yakuuna duulatam bainal aghniyaa-i minkum, wamaa aataakumur rasuulu fakhudzuuh, wamaa nahaakum 'anhu fantahuu, wattaqullaaha, innallaaha syadiidul 'iqaab.

8. Lan wenehana uga bandha fai' mau marang wong fekir kang padha Hijrah boyongan, kang padha diusir saka Negarane kanthi dirusak bandhane. Anggone boyongan Hijrah mau karana murih Kanugrahan lan Karidlane Allah, lan padha nulung ing Allah sarta UtusaNe hiya wong kang kaya mangkono mau kang padha temen.

٨ - لِلْفُقَرَآءِ ٱلْمُهَٰجِرِينَ ٱلَّذِينَ أُخْرِجُوا۟ مِن دِيَٰرِهِمْ
وَأَمْوَٰلِهِمْ يَبْتَغُونَ فَضْلًا مِّنَ ٱللَّهِ وَرِضْوَٰنًا
وَيَنصُرُونَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥٓ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلصَّٰدِقُونَ ۝

Lilfuqaraa-il muhaajiriinal ladziina ukhrijuu min diyaarihim wa amwaalihim yabtaghuuna fadhlam minallaahi wa ridhwaanaw wa yanshuruunal-laaha wa rasuulah, ulaa-ika humush shaadiquun.

---

979). **Hukum rampasan fai wonten ing hukum Syari'at Islam punika dipun hasilaken boten sabab peperangan kalayan mengsah, nanging sabab sanes. Manawi ing jaman sapunika kawastanan gantosipun karugian Negari kalayan Negari, upami gantos karugian sabab bocor tanker lisah mentah, ingkang damel karugian ulaming saganten lan kotoring seganten Indonesia, ngantos pehak kapal Jepang "Showa Maru" bayar karugian milyar-milyar rupiyah dhateng pamarentah Indonesia. Bakda punika lajeng sasarengan Indonesia-Jepang neliti Samudera-Indonesia (survey) wulan Mei tahun 1974, lan netepaken bilih kapal tanker bobot 200.000 ton sapenginggil kedah lelayaran medal selat Lombok lan Makassar, boten kenging malih medal selat Malaysia, kadosta tanker Jepang Nisseki Maru (bobot 372.000 ton pejah) kedah medal selat Lombok-Makassar teras mengaler dhateng Jepang! Rampasan fai kasebat dados urusanipun Negari (Pamarentah) ingkang dipun pimpin Rasulullah s.a.w. kados kasebat ayat no. 7 lan no. 8. Dene rampasan perang (ghanimah) punika ugi urusan Pamarentah, sabab saking kamenangan perang! Pambageanipun kados kasebat ing surat Al Anfaal ayat no. 41, lan kula aturi mriksani kateranganipun. Bentenipun kalayan jaman sapunika, manawi jaman Rasulullah s.a.w. tentara (wadyabala) boten dipun bayar (dados pegawai Negeri), pramila ghanimah wau dados imbalan sosial ingkang wajar. Ing jaman modern tentara punika dhapukanipun, menejemenipun, lan pangkat sarta fungsinipun sampun kathah sanget ngrembakanipun. Bab punika gumantung falsafah (dhasaring negari) lan Undang Undang, sarta ngengeti geostrategi lan geo-politik Negari ingkang kapentingan, meh sangalam Donya benten-benten lan warni-warni, pokokipun sadaya mentingaken kapentinganipun piyambak-piyambak (national purpose, national interest, and national resources). Dene ingkang wigatos rembag Negari punika kawicaksanan (politik) pokokipun kalih, lan kakalihipun punika kedah sesarengan karembag ingkang selaras (harmonis): satunggal, kaamanan lan pertahanan (tentara), kalih, kamakmuran Rakyat (adil-makmur ingkang waradin!). Mirsanana kitab-kitab Tarikh Islam ingkang ageng-ageng, utawi buku-buku Politik Tata—Negari, lan buku-buku filsafat ngatur Masyarakat lan Negari, insya Allah para sutrisna saged priksa piyambak bilih pitedah (nilai), norma, sarta pernatan ingkang fundamental ing Al Quraan punika kathah sanget, dumugi sapunika dereng sadaya saged dipun kedhuk (dipun teliti) utawi dipun trapaken ing Pemerintahan modern! Sumongga para mudha!**

٩ - وَالَّذِينَ تَبَوَّءُو الدَّارَ وَالْإِيمَانَ مِنْ قَبْلِهِمْ يُحِبُّونَ
مَنْ هَاجَرَ إِلَيْهِمْ وَلَا يَجِدُونَ فِي صُدُورِهِمْ
حَاجَةً مِمَّا أُوتُوا وَيُؤْثِرُونَ عَلَىٰ أَنْفُسِهِمْ وَلَوْ
كَانَ بِهِمْ خَصَاصَةٌ ۚ وَمَنْ يُوقَ شُحَّ نَفْسِهِ
فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ۝

Walladziina tabawwa-ud daara wal iimaana min qablihim yuhibbuuna man haajara ilaihim walaa yajiduuna fii shuduurihim haajatam mimmaa uutuu wa yu'tsiruuna 'alaa anfusihim walau kaana bihim khashaashah, wamay yuuqa syuhha nafsihii fa-ulaa-ika humul muflihuun.

9. Dene Sekabat Anshor kang padha manggon ing Madinah, sarta wus padha iman sadurunge wong kang padha boyongan Hijrah mau iku padha asih marang kancane kang padha boyongan menyang Kuthane (Madinah), atine ora padha duwe panguneguneg tumrap bagean kang kaparingake marang kancane. Malah padha gelem ngalahake awake dhewe, sanajan awake dhewe padha butuh marang bandhane. Sing sapa direksa saka kumet atine, mangka dheweke iku padha begja kemayangan!

١٠ - وَالَّذِينَ جَاءُو مِنْ بَعْدِهِمْ يَقُولُونَ رَبَّنَا اغْفِرْ
لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا
تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِّلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ
رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ۝

Walladziina jaa-uu mim ba'dihim yaquuluuna rabbanaghfir lanaa wa li-ikhwaaninal ladziina sabaquunaa bil iimaani walaa taj'al fii quluubinaa ghillal lilladziina aamanuu rabbanaa innaka rauufur rahiim.

10. Lan kalebu golongane wong kang begja, yaiku wong kang boyongan Hijrah kari dhewe! kang padha nyenyuwun: "Dhuh Pangeran kula! mugi Paduka paring pangaksama ing kula, tuwin para sadherek kula ingkang sampun ngrumiyini iman kalayan kula. Mugi Paduka sampun nglebetaken uneguneg ing manah kula dhateng para tetiyang ingkang sami iman. Dhuh Pangeran kula! sayektosipun Paduka punika Maha Welas tur Maha Asih.

Wong munafik ora netepi janjine marang wong Yahudi.

١١ - أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ نَافَقُوا يَقُولُونَ لِإِخْوَانِهِمُ الَّذِينَ
كَفَرُوا مِنْ أَهْلِ الْكِتَابِ لَئِنْ أُخْرِجْتُمْ لَنَخْرُجَنَّ
مَعَكُمْ وَلَا نُطِيعُ فِيكُمْ أَحَدًا أَبَدًا وَإِنْ قُوتِلْتُمْ
لَنَنْصُرَنَّكُمْ وَاللَّهُ يَشْهَدُ إِنَّهُمْ لَكَاذِبُونَ ۝

Alam tara ilal ladziina naafaquu yaquuluuna li-ikhwaanihimul ladziina kafaruu min ahlil kitaabi la-in ukhrijtum lanakhrujanna ma'akum walaa nuthii'u fiikum ahadan abadaw wa-in quutiltum lananshurannakum, wallaahu yasyhadu innahum lakaadzibuun.

11. He Muhammad! apa sira ora anggatekake wong-wong munafik (lelamisan), padha ngucap marang sadulure para wong kang padha kafir ahli Kitab: "Manawa kowe padha diusir, aku mesthi melu lunga karo kowe kabeh. Salawase aku ora arep maelu marang wong kang ajak-ajak merangi kowe. Malah manawa kowe diperangi, aku saguh nulungi kowe". Allah wus nyekseni yen dheweke iku padha goroh!".

12. Manawa wong ahli Kitab iku ditundhung, wong-wong munafik mesthi ora padha gelem melu metu, lan manawa ahli Kitab diperangi, wong munafik hiya ora gelem mitulungi, samungguha padha padha nulungana yekti banjur enggal-enggal tinggal gelanggang colong playu ngungkurake, wasana ora padha oleh pitulungan.

١٢- لَئِنْ أُخْرِجُوا لَا يَخْرُجُونَ مَعَهُمْ وَلَئِنْ قُوتِلُوا
لَا يَنْصُرُونَهُمْ وَلَئِنْ نَصَرُوهُمْ لَيُوَلُّنَّ الْأَدْبَارَ ثُمَّ
لَا يُنْصَرُونَ ۝

La-in ukhrijuu laa yakhrujuuna ma'ahum wala-in quutiluu laa yanshuruunahum wala-in nasharuuhum layuwallunnal adbaara, tsumma laa yunsharuun.

13. He para wong Mu'min! sajatine sira kabeh iku luwih diwedeni ana atine para wong kafir, tinimbang Allah. Kang mangkono iku jalaran dheweke ora padha mangerti.[980]

١٣- لَأَنْتُمْ أَشَدُّ رَهْبَةً فِي صُدُورِهِمْ مِنَ اللَّهِ ذَٰلِكَ
بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَا يَفْقَهُونَ ۝

La-antum asyaddu rahbatan fii shuduurihim minallaah, dzaalika bi-annahum qaumul laa yafqahuun.

14. Dheweke ora padha wani merangi ing sira kabeh, kajaba ana ing Negarane dhewe kang santosa, utawa ana saburine bentenge. Manawa peperangan nglawan kancane dhewe ngedab-edabi sira sengguh wong-wong iku padha guyub, mangka satemene atine padha pating prenca, kang mangkono iku jalaran dheweke padha ora duwe 'akal.

١٤- لَا يُقَاتِلُونَكُمْ جَمِيعًا إِلَّا فِي قُرًى مُحَصَّنَةٍ أَوْ
مِنْ وَرَاءِ جُدُرٍ بَأْسُهُمْ بَيْنَهُمْ شَدِيدٌ تَحْسَبُهُمْ
جَمِيعًا وَقُلُوبُهُمْ شَتَّىٰ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَا يَعْقِلُونَ ۝

Laa yuqaatiluunakum jamii'an illaa fii quram muhashshanatin au miw waraa-i judur, ba'suhum bainahum syadiidun, tahsabuhum jamii'aw wa quluubuhum syattaa, dzaalika bi-annahum qaumul laa ya'qiluun.

15. Kahanane wong ahli Kitab iku kaya dene wong kafir sadurunge kang mentas bae kelakon, dheweke padha ngicipi pakewuhe lalakone, sarta kapatrapan siksa kang nglarani.

١٥- كَمَثَلِ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ قَرِيبًا ذَاقُوا وَبَالَ أَمْرِهِمْ
وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۝

Kamatsalil ladziina min qablihim qariiban dzaaquu wa baala amrihim, wa lahum 'adzaabun aliim.

16. Bujukane wong-wong munafik iku kaya dene pangrimuke syetan nalika ngucap marang manungsa: 'Kowe kafira marang Allah!'. Bareng wong iku wus kafir, syetan banjur

١٦- كَمَثَلِ الشَّيْطَانِ إِذْ قَالَ لِلْإِنْسَانِ اكْفُرْ فَلَمَّا كَفَرَ
قَالَ إِنِّي بَرِيءٌ مِنْكَ إِنِّي أَخَافُ اللَّهَ رَبَّ الْعَالَمِينَ ۝

---

980). Titiyang munafik punika golonganipun Abdullah bin Ubai, ingkang lelamisan badhe biyantu tiyang kafir ahli Kitab ahli Kitab utawi golongan Yahudi ing Madinah, nanging cidra ing janji. Pancen piyambakipun langkung ajrih kalayan tiyang Mu'min, tinimbang ajrih ing Allah, jalaran boten mangertos Kuwaosipun Allah SWT.

ngucap: "Satemene aku iki, ora gepok senggol karo kowe! Aku wedi marang Allah, Pangeraning 'alam Jagadrat".

Kamatsalisy syaithaani idz qaala lil-insaanikfur, falammaa kafara qaala innii barii-um minka innii akhaafullaaha rab-bal 'aalamiin.

17. Temahan sakarone, syetan lan manungsa kang dibujuk, bebarengan kacemplungake ing Neraka, padha langgeng ana ing kono. Lan mangkono iku piwalese wong kang nganiaya.

١٧- فَكَانَ عَاقِبَتَهُمَآ أَنَّهُمَا فِى النَّارِ خَالِدَيْنِ فِيهَا ۚ وَذَٰلِكَ جَزَٰٓؤُا الظَّٰلِمِينَ ۝

Fakaana 'aaqibatahumaa annahumaa finnaari khaalidiina fiihaa, wa dzaalika jazaa-uzh zhaalimiin.

Pepeling utama.

18. He para wong Mu'min kabeh! sira padha wedia ing Allah, uwong iku kudu permati ing sarira apa kang dilakoni kanggo sangu ing dina besuk kang luwih becik ing Akherat, lan sira sing padha taqwa ing Allah, sanyata Allah iku Maha Waspada marang barang kang padha sira lakoni.

١٨- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَلْتَنظُرْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِغَدٍ ۖ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرٌۢ بِمَا تَعْمَلُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanut taqullaaha waltanzhur nafsum maa qaddamat lighadin, wattaqullaaha innallaaha khabiirum bimaa ta'maluun.

19. Sira aja kaya kahanane wong kang padha lali marang Allah. Allah uga banjur nglalekake wong iku mau, saka awake dhewe. Wong kang mangkono iku fasik arane.[981]

١٩- وَلَا تَكُونُوا۟ كَٱلَّذِينَ نَسُوا۟ ٱللَّهَ فَأَنسَىٰهُمْ أَنفُسَهُمْ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْفَٰسِقُونَ ۝

Walaa takuunuu kalladziina nasullaaha fa-ansaahum anfusahum, ulaa-ika humul faasiquun.

20. Wong kang dicemplungake ing Neraka iku ora padha karo wong kang ana ing Suwarga. Jalaran wong kang ana ing Suwarga iku wong kang padha pikoleh kabegjan jati.

٢٠- لَا يَسْتَوِىٓ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ وَأَصْحَٰبُ ٱلْجَنَّةِ ۚ أَصْحَٰبُ ٱلْجَنَّةِ هُمُ ٱلْفَآئِزُونَ ۝

Laa yastawii ash-haabun naari wa ash-haabul jannati, ash-haabul jannati humul faa-izuun.

---

981) Tiyang fasik (duraka) utawi tiyang deksura punika tiyang mangertos ing pranatan Agami, utawi mangertos pranatan angger-angger Negari, nanging malah nerjang. Upami: tiyang ingkang mangertos thek-kliweripun wana, malah damel risaking wana, wasana lajeng dados wana gundhul, lajeng nuwuhaken karisakan lan ngrisak moral (watakipun) tiyang wantun nyolong kajeng sakajengipun piyambak. Sami kemawon mangertos bilahinipun korupsi, keplek (main ing Casino) lan warni-warni maksiyat, nanging malah nindakaken. Mirsanana surat An Nisaa' ayat: 53, ingkang maksudipun: "Tiyang-tiyang ingkang boten saged damel kasaenan (amal sosial) dhateng masyarakat (tiyang kathah), punika sapantesipun boten prayogi ngasta jabatan pamarentah". Kados dhawuhipun Pamarentah Republik Indonesia: "Supados para pejabat Negari estu-estu ngayati lan ngamalaken Pancasila (Ekaprasetia pancakarsa), kaputusan MPR no. II tahun 1978.

٢١- لَوْ أَنْزَلْنَا هٰذَا الْقُرْآنَ عَلٰى جَبَلٍ لَّرَأَيْتَهٗ خَاشِعًا مُّتَصَدِّعًا مِّنْ خَشْيَةِ اللّٰهِ وَتِلْكَ الْأَمْثَالُ نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُوْنَ ۝

Lau anzalnaa haadzal qur-aana 'alaa jabalil lara-aitahuu khaasi'am mutashaddi'am min khasy-yatillaah, wa tilkal amtsaalu nadhribuhaa linnaasi la'allahum yatafakkaruun.

21. Samungguha Ingsun turunake Al Quran iki ana ing sadhuwure Gunung, temen sira bakal weruh Gunung iku jenjem nanging bengkah, jalaran saka wedi ing Allah. Ingsun wus gawe sanepa[982] kang mangkono iku marang para manungsa, ing supaya padha gelem mikir-mikir.

Asmaa ul husna utawa Sifat-sifating Allah kang Maha Agung.

٢٢- هُوَ اللّٰهُ الَّذِيْ لَآ إِلٰهَ إِلَّا هُوَ عٰلِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ هُوَ الرَّحْمٰنُ الرَّحِيْمُ ۝

Huwallaahul ladzii laa ilaaha illaa huwa, 'aalimul ghaibi wasysyahaadati huwar rahmaanur rahiim.

22. Hiya mung PanjenengaNe Allah, kang ora ana Pangeran kajaba PanjenengaNe, ora ana kang Sinembah kajaba mung PanjenengaNe piyambak, kang Nguningani barang kang ghaib lan kang katon, PanjenengaNe iku Maha Murah, tur Maha Asih.

٢٣- هُوَ اللّٰهُ الَّذِيْ لَآ إِلٰهَ إِلَّا هُوَ الْمَلِكُ الْقُدُّوْسُ السَّلٰمُ الْمُؤْمِنُ الْمُهَيْمِنُ الْعَزِيْزُ الْجَبَّارُ الْمُتَكَبِّرُ سُبْحٰنَ اللّٰهِ عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ۝

Huwallaahul ladzii laa ilaaha illaa huwa, almalikul qudduusus salaamul mu'minul muhaiminul 'aziizul jabbaarul mutakabbir, subhaanallaahi 'ammaa yusyrikuun.

23. Hiya mung PanjenengaNe Allah, kang ora ana Pangeran kang Sinembah kajaba mung PanjenengaNe piyambak, Raja kang Maha Suci, kang Maha Raharja, kang paring Kaamanan, kang Maha Rumeksa, kang Maha Prakosa, kang Maha Kuwasa, kang Kagungan sakabehing Kaagungan, Maha Suci Allah, adoh saka brahala kang padha dimusyrikake (disakuthokake).

---

982) Nyambet katerangan kasebat (tiyang fasik): punika nami tiyang nganiaya badanipun piyambak, lan ugi aniaya masyarakat. Tiyang ingkang boten tepa sarira lan boten enget ing piwucal sae (doktrin piwucal Agami), boten ngengeti 'alam flora lan fauna (tetuwuhan lan sato kewan) sakiwa tengenipun. Ugi boten nyawang sarana nalar alusing bebuden, bilih redi ingkang njenggenek ageng-ageng tur prakosa punika nyebabaken makmuripun manungsa lan alam sakiwa tengenipun. Wontenipun wana, lepen, jurang, panorama (daerah pariwisata), pelikan emas, perak, tembaga, areng sela, uranium, gas alam (bentering bumi) lan sanes-sanesipun punika sadaya dados tandha-yekti (fakta ingkang ngandika piyambak) bilih redi lan pareden punika titah (makhlukipun) Allah ingkang taqwa, inggih punika kathah manfa'atipun!
Sumangga para sutrisna kalajengaken menggalih piyambak.

٢٤ - هُوَ اللّٰهُ الْخَالِقُ الْبَارِئُ الْمُصَوِّرُ لَهُ الْأَسْمَآءُ الْحُسْنٰى
يُسَبِّحُ لَهُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ
الْحَكِيْمُ ۝

Huwallaahul khaaliqul baari-ul mushawwirul asmaa-ul husnaa, yusabbihu lahuu maa fis-samaawaati wal ardhi wa huwal 'aziizul hakiim.

24. Hiya PanjenengaNe Allah kang nitahake samubarang kang dumadi, kang anungulake titahe kang gumelar, kang paring rupa, kang kagungan Asmaa ul husna, asma kang becik-becik (sifat-sifating Allah kang agung). Maha nyucekake marang Allah samubarang kang ana ing Langit lan Bumi, hiya PanjenengaNe Allah kang Maha Mulya tur Wicaksana!

***)

***). Sasambetan ingkang manunggil ing ancas tujuan (interkorelasi) sarta intisari surat Al Hasyr kalayan surat Al Mumtahanah (Wadon kang diteter) ing antawisipun makaten:

1. Wonten ing surat Al Mumtahanah katerangaken kawontenaning sesrawunganipun ummat Islam kalayan tiyang ingkang non-Muslim, sami ugi ing wekdal dhame utawi ing wekdal perang; lan kados pundi sikep politik lan kaamanan dhateng Bani Nadhir ingkang agressif dhateng tiyang Islam, sarta hukum fai-i lan Al Asmaa-ul Husna kasebat ing surat Al Hasyr.
2. Kasebataken ing surat Al Hasyr kados pundi anggenipun tiyang Yahudi lan tiyang munafik nyambut damel sesarengan perlu badhe cidra dhateng tiyang Islam, dene wonten ing surat Al Mumtahanah anerangaken bilih kenging ummat Islam nyambut damel sesarengan kalayan sinten kemawon, sauger boten ingkang memengsahi ummat Islam, sarta boten kenging tiyang Islam ngangkat pemimpin kafir supados mimpin tiyang Islam.

Sejarahipun Kanjeng Nabi Ibrahim a.s. lan ummatipun dadosa tepa tuladha tumrap titiyang Mu'min ugi kasebat ing surat Al Mumtahanah.

AL MUMTAHANAH (WADON KANG DITETER)

Surat kaping 60 : 13 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, sawuse surat Al Ahzab.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

١ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَتَّخِذُوْا عَدُوِّيْ وَعَدُوَّكُمْ
اَوْلِيَآءَ تُلْقُوْنَ اِلَيْهِمْ بِالْمَوَدَّةِ وَقَدْ كَفَرُوْا بِمَا
جَآءَكُمْ مِّنَ الْحَقِّ ۚ يُخْرِجُوْنَ الرَّسُوْلَ وَاِيَّاكُمْ اَنْ
تُؤْمِنُوْا بِاللّٰهِ رَبِّكُمْ ۗ اِنْ كُنْتُمْ خَرَجْتُمْ جِهَادًا
فِيْ سَبِيْلِيْ وَابْتِغَآءَ مَرْضَاتِيْ ۚ تُسِرُّوْنَ اِلَيْهِمْ
بِالْمَوَدَّةِ ۚ وَاَنَا اَعْلَمُ بِمَآ اَخْفَيْتُمْ وَمَآ اَعْلَنْتُمْ ۗ
وَمَنْ يَّفْعَلْهُ مِنْكُمْ فَقَدْ ضَلَّ سَوَآءَ السَّبِيْلِ ۝

1. He para wong Mu'min kabeh! sira aja ngalap kekasih marang mungsuhIngsun lan mungsuhira kabeh, sira banjur ngesokake katresnanira marang mungsuh iku. Dheweke wus padha kafir marang kabeneran kang wus Ingsun paringake marang sira! padha ngusir UtusanIngsun Allah lan sira kabeh, iku mung jalaran sira iman marang Allah Pangeranira. Sira padha ngati-atia, manawa sira budhal perang karena ambela Agamaning Allah lan murih KaridhanIngsun, sira banjur ngumpetake katresnan marang mungsuhira, iku ora diparengake! Ingsun Ngudaneni barang kang sira umpetake lan sira edhengake. Sing sapa saka sira kabeh, isih nglakoni kang kaya mangkono mau, temen dheweke wus kasasar saka dalan kang bener.

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tattakhidzuu 'aduwwii wa 'aduwwakum auliyaa-a tulquuna ilaihim bil-mawaddati waqad kafaruu bimaa jaa-akum minal haqq, yukhrijuunar rasuula wa iyyaakum an tu'minuu billaahi rabbikum, in kuntum kharajtum jihaadan fii sabiilii wabtighaa-a mardhaatii, tusirruuna ilaihim bil mawaddati wa anaa a'lamu bimaa akhfaitum wamaa a'lantum, wa may yaf'alhu minkum faqad dhalla sawaa-as sabiil.

٢ - اِنْ يَّثْقَفُوْكُمْ يَكُوْنُوْا لَكُمْ اَعْدَآءً وَّيَبْسُطُوْٓا اِلَيْكُمْ
اَيْدِيَهُمْ وَاَلْسِنَتَهُمْ بِالسُّوْٓءِ وَوَدُّوْا لَوْ
تَكْفُرُوْنَ ۝

2. Manawa dheweke bisa nyekel (nungkulake) sira, mangka padha tetep nganggep mungsuh marang sira kabeh. Padha cengkiling tangane lan trocoh lesane marang sira kabeh. Dheweke padha seneng yen sira iku dadi wong kafir.

Iy yatsqafuukum yakuunuu lakum a'daa-aw wa yabsuthuu ilaikum aidiyahum wa alsinatahum bissuu-i wa wadduu lau takfuruun.

3. Sanak kerabat lan anak-anakmu ora pisan-pisan bisa migunani besuk ing dina Qiyamat, PanjenengaNe Allah bakal misah-ake prakara antaranira kabeh, lan Allah iku Maha Nupiksani apa kang padha sira tindak-ake.

٣ - لَنْ تَنْفَعَكُمْ أَرْحَامُكُمْ وَلَآ أَوْلَادُكُمْ ۚ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۚ يَفْصِلُ بَيْنَكُمْ ۚ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

Lan tanfa'akum arhaamukum walaa aulaadukum yaumal qiyaamati yafshilu bainakum, wallaahu bimaa ta'maluuna bashiir.

4. Yekti Ibrahim lan para pandhereke iku tetep dadi Suri-tuladhan (Uswatun Hasanah) ing nalikane padha ngucap marang kaume: "Sanyata aku wus ora gepok senggol kalawan sira kabeh, dalah sesembahanira kabeh saliyane Allah, aku wus emoh karo sira kabeh, lan wus tetela aku lan sira kabeh memungsuhan lan gegethingan salawas-lawase, sahengga yen sira gelem iman marang Allah piyambak". Ananging sing ora patut dadi suri-tuladhan[983] yaiku, ature Ibrahim marang Ramane: "Penjenengan badhe kula suwunaken pangapunten, ewa samanten, kula inggih boten saged tanggel, kawilujengan panjenengan saking siksaning Allah sakedhik-kedhika". Ibrahim matur: "Dhuh Pangeran kawula! hamung dhumateng Paduka piyambak kawula sumarah tawakkal sarta dhe-dhepe! lan dhumateng ngarsa dalem Paduka piyambak sowanipun para manungsa!

٤ - قَدْ كَانَتْ لَكُمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ فِيْٓ إِبْرٰهِيْمَ وَالَّذِيْنَ مَعَهٗ ۚ إِذْ قَالُوْا لِقَوْمِهِمْ إِنَّا بُرَءٰٓؤُا مِنْكُمْ وَمِمَّا تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ ۖ كَفَرْنَا بِكُمْ وَبَدَا بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمُ الْعَدَاوَةُ وَالْبَغْضَآءُ أَبَدًا حَتّٰى تُؤْمِنُوْا بِاللّٰهِ وَحْدَهٗٓ إِلَّا قَوْلَ إِبْرٰهِيْمَ لِأَبِيْهِ لَأَسْتَغْفِرَنَّ لَكَ وَمَآ أَمْلِكُ لَكَ مِنَ اللّٰهِ مِنْ شَيْءٍ ۖ رَبَّنَا عَلَيْكَ تَوَكَّلْنَا وَإِلَيْكَ أَنَبْنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيْرُ ۝

Qad kaanat lakum uswatun hasanatun fii ibraahiima walladziina ma'ahuu idz qaaluu liqaumihim innaa bura-aa-u min-kum wa mimmaa ta'buduuna min duunillaahi kafarnaa bikum wa badaa bainanaa wa bainakumul 'adaawatu wal bagh-dhaa-u abadan hattaa tu'minuu billaahi wahdahuu illaa qaula ibraahiima li-abiihi la-astaghfiranna laka wamaa amliku laka minallaahi min syai-in, rabbanaa 'alaika tawakkalnaa wa ilaika anabnaa wa ilaikal mashiir.

5. Dhuh Allah Pangeran kula! mugi Paduka sampun andadosaken kula sadaya, dados jalaraning fitnahipun tetiyang kafir.

٥ - رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا فِتْنَةً لِّلَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَاغْفِرْ لَنَا رَبَّنَآ ۖ إِنَّكَ أَنْتَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

983) Ingkang boten sae dados suri thuladhan, inggih punika: anggenipun Nabi Ibrahim a.s. nyuwunaken pangapunten tiyang musyrik (Ramanipun musyrik nyembah brahala), jalaran Allah SWT boten marengaken tiyang Mu'min ndo'akaken (nyuwunaken) pangapunten tiyang kafir, punapa malih tiyang musyrik! Mirsanana katerangan surat An Nisha' ayat: 48. Sasampunipun Nabi Ibrahim a.s. boten malih do'aken pangapunten tiyang musyrik lan kafir, Panjenenganipun lan Ummatipun nglestantunaken millah (syari'at) Ibrahim utawi 'ibadah Hajji, Umrah, lan Qurban, ingkang dumugi sapunika kalestantunaken Ummat Muhammad dumugi akhir jaman.

Paduka mugi paring pangaksama dhumateng kula, saestunipun Paduka punika Maha Mulya tur Wicaksana".

Rabbanaa laa taj'alnaa fitnatal lilladziina kafaruu waghfir lanaa rabbanaa, innaka antal 'aziizul hakiim.

6. Temen Ibrahim lan para pandhereke iku tetep dadi Uswatun Hasanah (Surituladhan kang Utama) tumrap sira kabeh, yaiku tumrap wong kang padha ngarep-arep sowan ana ing ngarsa dalem Allah, lan yakin anane dina Akhir. Sing sapa mlengos saka Panutane, mangka satemene Allah iku Dzat kang Sugih tur Pinuji.

٦- لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِيهِمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِّمَن كَانَ يَرْجُو اللَّهَ وَالْيَوْمَ الْآخِرَ وَمَن يَتَوَلَّ فَإِنَّ اللَّهَ هُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيدُ ۚ

Laqad kaana lakum fiihim uswatun hasanatul liman kaana yarjullaaha wal yaumal aakhira, wamay yatawalla fainnallaaha huwal ghaniyyul hamiid.

Hubungan antarane wong Islam kalawan wong kafir kang ora mungsuhi Islam ora dilarang!

7. Muga-muga Allah andadekake antaranira lan para mungsuhira, iku dadi sagolongan kang padha sih-sinihan, sarana andadekake dheweke padha gelem iman, Allah iku Kuwasa anggolongake wong kang padha pepisahan, lan Allah iku Maha paring Pangaksama lan Maha Murah.

٧- عَسَى اللَّهُ أَن يَجْعَلَ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَ الَّذِينَ عَادَيْتُم مِّنْهُم مَّوَدَّةً ۚ وَاللَّهُ قَدِيرٌ ۚ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝

'Asallaahu ay yaj'ala bainakum wa bainal ladziina 'aadaitum minhum mawaddatan, wallaahu qadiirun, wallaahu ghafuurur rahiim.

8. Allah ora nyegah sira kabeh gawe becik lan tumindak adil marang wong-wong kafir kang ora merangi sira kabeh ing prakara Agama, lan ora nundhung sira saka Negaranira. Satemene Allah iku rena marang wong kang padha tumindak adil.

٨- لَّا يَنْهَاكُمُ اللَّهُ عَنِ الَّذِينَ لَمْ يُقَاتِلُوكُمْ فِي الدِّينِ وَلَمْ يُخْرِجُوكُم مِّن دِيَارِكُمْ أَن تَبَرُّوهُمْ وَتُقْسِطُوا إِلَيْهِمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ ۝

Laa yanhaa kumullaahu 'anil ladziina lam yuqaatiluu kum fiddiini walam yukhrijuukum min diyaarikum an tabarruuhum wa tuqsithuu ilaihim, innallaaha yuhibbul muqsithiin.

9. Nanging Allah nyegah sira kabeh, aja sih-sinihan karo wong-wong kafir kang merangi sira ing babagan Agama, lan padha nundhung sira saka Negaranira. Sing sapa asih marang wong-wong kafir mau, temen wong iku padha nganiaya awake dhewe.

٩- إِنَّمَا يَنْهَاكُمُ اللَّهُ عَنِ الَّذِينَ قَاتَلُوكُمْ فِي الدِّينِ وَأَخْرَجُوكُم مِّن دِيَارِكُمْ وَظَاهَرُوا عَلَىٰ إِخْرَاجِكُمْ أَن تَوَلَّوْهُمْ ۚ وَمَن يَتَوَلَّهُمْ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ۝

Innamaa yanhaakumullaahu 'anil ladziina qaataluukum fiddiini wa akhrajuukum min diyaarikum wa zhaaharuu 'alaa ikhraajikum an tawallauhum, wa may yatawallahum fa-ulaa-ika humuzh zhaalimuun.

10. He para wong Mu'min kabeh! manawa ana wong Mu'min wadon padha boyongan (hijrah) marang Negaranira, sira banjur nindakna panyoba, diteter temen apa ora dheweke iku Mu'min! Allah luwih Nguningani ing prakara imane wong-wong wadon mau, manawa sira wus padha weruh ka-Iman-ane dheweke aja sira balekake menyang Negarane wong kafir. Wong wadon Mu'min mau ora halal tumrap wong kafir, mangkono uga wong kafir lanang iku ora halal tumrap wong wadon Mu'min. Lan sira ambalekna maskawine wong kafir kang wus ditampak-ake marang wong wadon mau. Lan wus ora dosa tumrap sira ngrabeni marang dheweke, manawa sira padha gelem aweh maskawine. Lan sira aja anggondheli paningkah-ira marang wong wadon kafir, sira anjaluka baline maskawin kang wus sira wenehake, lan wong kafir uga anjaluka bali maskawin kang wus diwenehake marang wong wadon Mu'min. Kang mangkono iku katetepan hukuMe Allah, kanggo ngukumi ing antara-nira kabeh, Allah iku Ngawuningani tur Wicaksana!

١٠ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا جَآءَكُمُ الْمُؤْمِنٰتُ مُهٰجِرٰتٍ
فَامْتَحِنُوْهُنَّ ۭ اَللّٰهُ اَعْلَمُ بِاِيْمَانِهِنَّ ۚ فَاِنْ عَلِمْتُمُوْهُنَّ
مُؤْمِنٰتٍ فَلَا تَرْجِعُوْهُنَّ اِلَى الْكُفَّارِ ۭ لَا هُنَّ حِلٌّ
لَّهُمْ وَلَا هُمْ يَحِلُّوْنَ لَهُنَّ ۭ وَاٰتُوْهُمْ مَّآ اَنْفَقُوْا ۭ
وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ اَنْ تَنْكِحُوْهُنَّ اِذَآ اٰتَيْتُمُوْهُنَّ
اُجُوْرَهُنَّ ۭ وَلَا تُمْسِكُوْا بِعِصَمِ الْكَوَافِرِ وَاسْـَٔـلُوْا
مَآ اَنْفَقْتُمْ وَلْيَسْـَٔـلُوْا مَآ اَنْفَقُوْا ۭ ذٰلِكُمْ حُكْمُ اللّٰهِ ۭ
يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ ۭ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa jaa-akumul mu'minaatu muhaajiraatin famtahinuuhunna, allaahu a'lamu bi-iimaanihinna, fa-in 'alimtumuuhunna mu'minaatin falaa tarji'uuhunna ilal kuffaari, laa hunna hillul lahum walaa hum yahilluuna lahunna, wa aatuuhum maa anfaquu, walaa junaaha 'alaikum an tankihuuhunna idzaa aataitumuu-hunna ujuurahunna, walaa tumsikuu bi'ishamil kawaafiri was-aluu maa an-faqtum wal yas-aluu maa anfaquu, dzaalikum hukmullaahi, yahkumu baina-kum, wallaahu 'aliimun hakiim.

11. He para wong Mu'min kabeh! manawa salah sawijine bojonira ana kang lumayu menyang Negarane wong kafir, ing wasana sira oleh kamenangan, sarta oleh rampasan, sira menehana [984] barang rampasan marang wong kang bojone lumayu marang golongan kafir mau, akehe padha karo maskawin kang diwenehake marang wong wadon iku. Sira padhaa taqwa ing Allah, Pangeran kang wus padha sira imanake.

١١ - وَاِنْ فَاتَكُمْ شَيْءٌ مِّنْ اَزْوَاجِكُمْ اِلَى الْكُفَّارِ
فَعَاقَبْتُمْ فَاٰتُوا الَّذِيْنَ ذَهَبَتْ اَزْوَاجُهُمْ مِّثْلَ
مَآ اَنْفَقُوْا ۭ وَاتَّقُوا اللّٰهَ الَّذِيْٓ اَنْتُمْ بِهٖ مُؤْمِنُوْنَ ۝

Wa-in faatakum syai-um min azwaaji-kum ilal kuffaari fa'aaqabtum fa-aatul ladziina dzahabat azwaajuhum mitsla maa anfaquu, wattaqullaahal ladzii an-tum bihii mu'minuun.

984) **Ghanimah sabab menang perang punika dipun bage gangsal golongan ingkang hak nampi, sa-derengipun kabage, saking ghanimah wau dipun bayar rumiyin maskawin-maskawin saking tiyang jeler ingkang rumiyin nikah tiyang-tiyang estri (simahipun rumiyin) ingkang sapunika mlajar ing wilayah tiyang kafir.**

١٢ - يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ إِذَا جَآءَكَ ٱلْمُؤْمِنَٰتُ يُبَايِعْنَكَ عَلَىٰٓ
أَن لَّا يُشْرِكْنَ بِٱللَّهِ شَيْـًٔا وَلَا يَسْرِقْنَ وَلَا يَزْنِينَ
وَلَا يَقْتُلْنَ أَوْلَٰدَهُنَّ وَلَا يَأْتِينَ بِبُهْتَٰنٍ يَفْتَرِينَهُۥ
بَيْنَ أَيْدِيهِنَّ وَأَرْجُلِهِنَّ وَلَا يَعْصِينَكَ فِى مَعْرُوفٍ
فَبَايِعْهُنَّ وَٱسْتَغْفِرْ لَهُنَّ ٱللَّهَ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ
رَّحِيمٌ ۝

Yaa ayyuhan nabiyyu idzaa jaa-akal mu'minaatu yubaayi'naka 'alaa allaa yusyrikna billaahi syai-aw walaa yasriqna walaa yazniina walaa yaqtulna aulaadahunna walaa ya'tiina bibuhtaaniy yaftariinahuu baina aidiihinna wa arjulihinna walaa ya'shiinaka fii ma'ruufin fabaayi'hunna wastaghfir lahunnallaah, innallaaha ghafuurur rahiim.

12. He Nabi Muhammad! manawa ana wong wadon Mu'min sowan ing sira, padha prasetya marang sira ora bakal nyakuthokake ing Allah kalawan sawiji-wiji, ora bakal tindak culika, sarta ora bakal nindakake zina, apa dene ora arep mateni anak-anake, mangkono uga ora bakal duraka ing sira tumrap prentahira ing kabecikan. Para wong wadon mau nuli tampanana prasetyane lan suwunna pangapura ing ngarsa dalem Allah, jalaran sanyata Allah iku rena paring pangaksama tur Maha Asih.

١٣ - يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَتَوَلَّوْا۟ قَوْمًا غَضِبَ ٱللَّهُ عَلَيْهِمْ
قَدْ يَئِسُوا۟ مِنَ ٱلْءَاخِرَةِ كَمَا يَئِسَ ٱلْكُفَّارُ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْقُبُورِ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tatawallau qauman ghadhiballaahu 'alaihim qad ya-isuu minal aakhirati kamaa ya-isal kuffaaru min ash-haabil qubuur,

13. He para wong Mu'min kabeh! sira aja sih-sinihan karo golongan kang kabendon dening Allah. Sanyata dheweke iku wus pedhot pangarep-arepe saka nampa ganjaran ing Akherat, kaya dene anggone wong kafir kang wus dadi ahli kubur padha pedhot pangarep-arepe saka nampa ganjaran ing Akherat.

***)

***). Intisari sarta interkorelasi (sasambetan ingkang manunggil ancas tujuan) ing antawisipun surat Al Mumtahanah kalayan surat Ash Shaff (Barisan):

1. Para pandherekipun Nabi Musa a.s. lan pandherekipun Nabi'Isa a.s. nate ingkar dhumateng piwucaling Agama, makaten ugi musyrikin ing Mekkah damel reka daya badhe mejahi cahayaning sumiyaripun Agamaning Allah, Islam. Lan maghfirah (pangaksama saking Allah) saged kagayuh dening iman lan jihad fi sabillah, saestu-saestu ambelani ngadegipun Syari'at Agamining Allah, sarana bandha lan jiwa! Makaten surat Ash Shaff.

2. Wonten ing surat Al Mumtahanah, Gusti Allah ngaramaken titiyang Islam sakabatan rumaket kalayan tiyang kafir (non Muslim) sarta malah nilar sekabatan kalayan sami-sami Muslim, dene wonten ing surat Ah Shaff kadhawuhan wajib titiyang Islam sami jihad fi sabilillah, inggih 'elabet hangrungkebi Agama Islam, toh bandha lan jiwa kaikhlasaken kangge tumbal amal kasaenan upaminipun yasa Kampus Universitas Muslim Indonesia ingkang ageng lan sampurna laboratoriumipun, sarta manfa'ataken Lembaga ingkang ngabdi leladi ing Masyarakat. Mugi Allah SWT angijabahi, Amin!

ASH SHAFF (BARISAN)

Surat kaping 61 : 14 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, sawuse surat At Taghaabun.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Dedalane anggayuh kamenangan.

1. Wus padha maha nucekake marang Allah, samubarang kang ana ing Langit lan Bumi. PanjenengaNe iku Dzat kang Maha Mulya tur Wicaksana.

١ - سَبَّحَ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ○

Sabbaha lillaahi maa fis-samaawaati wa maa fil ardhi, wa huwal 'aziizul hakiim.

2. He para wong Mu'min kabeh! apa sababe sira padha ngucapake barang kang ora padha sira lakoni?

٢ - يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لِمَ تَقُوْلُوْنَ مَا لَا تَفْعَلُوْنَ ○

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu lima taquuluuna maa laa taf'aluun.

3. Gedhe dosane mungguhing Allah, anggonira ngucapake barang kang ora padha sira lakoni.

٣ - كَبُرَ مَقْتًا عِنْدَ اللهِ اَنْ تَقُوْلُوْا مَا لَا تَفْعَلُوْنَ ○

Kabura maqtan 'indallaahi an taquuluu maa laa taf'aluun.

4. Sanyata Allah remen marang wong kang padha perang karana ngluhurake Agamane Allah, kalawan barisan kang temata kaya-kaya pager bata (beteng) kang santosa.

٤ - اِنَّ اللهَ يُحِبُّ الَّذِيْنَ يُقَاتِلُوْنَ فِيْ سَبِيْلِهٖ صَفًّا كَاَنَّهُمْ بُنْيَانٌ مَّرْصُوْصٌ ○

Innallaaha yuhibbul ladziina yuqaatiluuna fii sabiilihii shaffan ka-annahum bunyaanum marshuush.

٥ - وَإِذْ قَالَ مُوسٰى لِقَوْمِهٖ يٰقَوْمِ لِمَ تُؤْذُوْنَنِيْ وَقَدْ تَّعْلَمُوْنَ اَنِّيْ رَسُوْلُ اللّٰهِ اِلَيْكُمْ ۖ فَلَمَّا زَاغُوْٓا اَزَاغَ اللّٰهُ قُلُوْبَهُمْ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفٰسِقِيْنَ ۝

5. Padha elinga! nalika Musa ngucap marang kaume: "He kaumku, sabab apa sira padha nglarani ing aku, ing mangka temen sira wus padha mangerti manawa aku iki UtusaNe Allah marang sira kabeh". Nanging bareng kaume Musa anggugu karepe dhewe, Allah banjur mlencengake atine wong iku kabeh, Allah ora karsa nuduhake wong kang padha fasik (duraka).

Wa-idz qaala muusaa liqaumihii yaa qaumi lima tu'dzuunanii waqad ta'lamuuna annii rasuulullaahi ilaikum, falammaa zaaghuu azaaghallaahu quluubahum, wallaahu laa yahdil qaumal faasiqiin.

٦-وَإِذْ قَالَ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ يٰبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اِنِّيْ رَسُوْلُ اللّٰهِ اِلَيْكُمْ مُّصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيَّ مِنَ التَّوْرٰىةِ وَمُبَشِّرًا بِرَسُوْلٍ يَّاْتِيْ مِنْۢ بَعْدِي اسْمُهٗٓ اَحْمَدُ ۖ فَلَمَّا جَآءَهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ قَالُوْا هٰذَا سِحْرٌ مُّبِيْنٌ ۝

6. Lan padha elinga nalika 'Isa putrane Maryam ngucap: "He para tedhak turune Israil, sanyata aku iki UtusaNe Allah marang sira kabeh, ambenerake ampilane Nabi sadurungku, yaiku Kitab Taurat; lan aweh kabar bungah bakal rawuhe Utusan sapungkurku, asmane Ahmad!". Wasana bareng Nabi kang diwecakake mau wus rawuh kalawan ngampil tandha yekti kang nyata. *), wong-wong mau padha ngucap: "Iki sihir kang tetela!".

Wa-idz qaala 'iisabnu maryama yaa banii israa-iila innii rasuulullaahi ilaikum mushaddiqal limaa baina yadayya minat tauraati wa mubasysyiram birasuuliy ya'tii mim ba'dismuhuu ahmad, falammaa jaa-ahum bil bayyinaati qaaluu haadzaa sihrum mubiin.

٧- وَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ الْكَذِبَ وَهُوَ يُدْعٰٓى اِلَى الْاِسْلَامِ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ۝

7. Ora ana wong kang luwih nganiaya ngungkuli wong kang gawe goroh ingatase Allah, ing mangka dheweke iku diajak malebu Islam, Allah iku ora anuduhake marang wong kang padha nganiaya.

Waman azhlamu mimmaniftaraa 'alallaahil kadziba wa huwa yud'aa ilal islaam, wallaahu laa yahdil qaumazh zhaalimiin.

٨ - يُرِيْدُوْنَ لِيُطْفِـُٔوْا نُوْرَ اللّٰهِ بِاَفْوَاهِهِمْ وَاللّٰهُ مُتِمُّ نُوْرِهٖ وَلَوْ كَرِهَ الْكٰفِرُوْنَ ۝

8. Wong-wong iku padha arep nyirep papadhanging Allah, Agama Islam, kalawan pangucape, ananging Allah bakal anyampurnakake papadhange, sanadyan wong-wong kafir padha gething!

Yuriiduuna liyuthfi-uu nuurallaahi biafwaahihim wallaahu mutimmu nuurihii walau karihal kaafiruun.

*) Inggih punika Rasulullah Muhammad s.a.w. ngasta Kitab Suci Al-Quraanul Kariim, lan syari'at Agama Islam.

9. PanjenengaNe Allah kang ngutus UtusaNe Muhammad, ngampil pituduh Al Quran, lan Agama kang bener, Islam. Allah bakal nglindhihake AgamaNe ngungkuli liya Agama kabeh, sanadyana wong-wong musyrik padha gething.

٩- هُوَ الَّذِيْٓ اَرْسَلَ رَسُوْلَهٗ بِالْهُدٰى وَدِيْنِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهٗ عَلَى الدِّيْنِ كُلِّهٖ وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُوْنَ ۝

Huwal ladzii arsala rasuulahuu bilhudaa wa diinil haqqi liyuzh-hirahuu 'alad diini kullihii walau karihal musyrikuun.

Jer basuki mawa beya, krana labuh Agamaning Allah.

10. He para wong Mu'min kabeh! sira apa padha gelem Ingsun paringi pituduh dagangan kang bisa nylametake sira kabeh saka siksa kang nglarani?

١٠- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا هَلْ اَدُلُّكُمْ عَلٰى تِجَارَةٍ تُنْجِيْكُمْ مِّنْ عَذَابٍ اَلِيْمٍ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu hal adullukum 'alaa tijaaratin tunjiikum min 'adzaabin aliim.

11. Yaiku sira padha imana marang Allah lan UtusaNe, lan padha temen-tumemena anggonira ngluhurake (nglabuhi) Agamaning Allah, 985) kanthi toh bandha lan badanira (jiwa). Kang mangkono mau luwih becik tumrap sira kabeh, manawa sira padha mangerti.

١١- تُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَتُجَاهِدُوْنَ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ بِاَمْوَالِكُمْ وَاَنْفُسِكُمْ ۗ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ۝

Tu'minuuna billaahi wa rasuulihii wa tujaahiduuna fii sabiilillaahi bi-amwaalikum wa anfusikum, dzaalikum khairul lakum in kuntum ta'lamuun.

---

985) Angluhuraken Agaminipun Allah kados ingkang kaweca ing ayat: 10 - 14, ngrembakaken Islam agami kita punika caranipun kedah sarana organisasi Da'wah ingkang asifat „amar ma'ruf nahi mungkar". Para Da'i ingkang tinanggenah da'wah punika sadaya tiyang Islam ingkang makarya ing pertanian, swasta, pejabat Negari, ABRI, warga Perwakilan Rakyat (legislatif), warga eksekutif, nelayan, lan sanes-sanesipun, sanaosa nembe-mangertos satunggal bab saking piwucal Islam „walau aayat". Dene ingkang hartawan wajib da'wah sarana dedana arta lan pirantos-pirantosipun da'wah. Makaten ugi Pamarentah wiwit ing Pusat (Jakarta) dumugi ing daerah-daerah, ing Kalurahan-Kalurahan ngantos Perwakilan sarta K.B.R.I. ing manca-manca Negari, wajib ambiyantu Da'wah Islam wau sarana nyata, bares lan ikhlas!
Nglembagakaken gesang taqwa ing Allah wonten ing Sekolah Taman Kanak-Kanak dumugi ing Universitas, Pamarentah lan Swasta, punika sampun dados jiwa, kapribadian, falsafah lan dhasaripun Negari Republik Indonesia.

Dados ngluhuraken Agamining Allah utawi Da'wah Islam punika sistimipun kedah mawi margi galer-galer (jalur); A. Pendidikan Agami (panggula wenthah) ing kulawarga, sekolah, lan lingkungan patembayan. B. Pendidikan Agami ing kalawarti, paket buku, Radio, Televisi (media massa). C. Pendidikan Agami ing kantor-kantor Jawatan, Departemen, Organisasi-Organisasi (Sosial-Politik—Ekonomi), ABRI, Kapulisian, sarta ing Pabrik-Pabrik, sarta daerah-daerah Transmigrasi. Sarta Organisasi Da'wah wau saben tahun ngawontenaken: seminar, Muktamar, utawi santi-aji (latihan ketrampilan), lan D. Musyawarah Nasional, ingkang saged njawab tantangan jaman! Mugi Allah ngijabahi, amin!

12. Allah bakal ngapura dosanira kabeh, lan nglebokake sira kabeh ana ing Suwarga kang sangisore ana kaline mili, sarta panggonan kang edi peni ana ing Suwarga panggonan kani'matan, hiya kang mangkono iku kabegjan agung!

١٢- يَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَيُدْخِلْكُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِي
مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَٰرُ وَمَسَٰكِنَ طَيِّبَةً فِي جَنَّٰتِ
عَدْنٍ ۚ ذَٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ۝

Yaghfir lakum dzunuubakum wa yudkhilkum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru wa masaakina thayyibatan fii jannaati 'adn, dzaalikal fauzul 'azhiim.

13. Allah uga bakal paring ganjaran liyane mau, kang padha sira senengi, yaiku pikantuk pitulungan saka ngarsa dalem Allah, lan sadhela maneh bakal bisa ambedhah Negara Mekkah. Muhammad! sira bebungahen wong-wong kang padha Mu'min.

١٣- وَأُخْرَىٰ تُحِبُّونَهَا ۖ نَصْرٌ مِّنَ اللَّهِ وَفَتْحٌ قَرِيبٌ ۗ
وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِينَ ۝

Wa ukhraa tuhibbuunahaa, nashrum minallaahi wa fat-hun qariib, wa basysyiril mu'miniin.

14. He para wong Mu'min kabeh! sira padha dadia panulunge Agamaning Allah, kaya nalikane 'Isa putrane Maryam dhawuh marang kaum Hawary kang setya tuhu: "Sapa kang padha gelem dadi panulunge Agamaning Allah, bebarengan karo aku?". Kaum Hawary padha matur: "Kula sadaya ingkang dados panulungipun Agamining Allah". Wong katurunane Israil ana kang gelem iman, lan ana sagolongan maneh kang kafir. Ingsun banjur paring pitulung marang wong-wong kang padha Mu'min bisa ngalahake mungsuhe, ing wasana padha oleh kamenangan!".

***)

١٤- يَٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُونُوا أَنصَارَ اللَّهِ كَمَا قَالَ
عِيسَى ابْنُ مَرْيَمَ لِلْحَوَارِيِّينَ مَنْ أَنصَارِي إِلَى
اللَّهِ ۖ قَالَ الْحَوَارِيُّونَ نَحْنُ أَنصَارُ اللَّهِ فَآمَنَت
طَّآئِفَةٌ مِّنْ بَنِي إِسْرَٰٓءِيلَ وَكَفَرَت طَّآئِفَةٌ ۖ
فَأَيَّدْنَا الَّذِينَ آمَنُوا عَلَىٰ عَدُوِّهِمْ فَأَصْبَحُوا
ظَٰهِرِينَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu kuunuu anshaarallaahi kamaa qaala 'iisabnu maryama lil hawaariyyiina man anshaarii ilallaah, qaalal hawaariyyuuna nahnu anshaarullaahi fa-aamanat thaa-ifatum mim banii israa-iila wa kafarat thaa-ifatun fa-ayyadnal ladziina aamanuu 'alaa 'aduwwihim fa-ashbahuu zhaahiriin.

***) **Sesambetan ingkang manunggil ancas tujuan, utawi interkorelasi sarta intisari ing surat Ash Shaff kalayan surat Al Jumu'ah (Dinten Jum'ah):**

1. Surat Al Jumu'ah anerangaken menggah sipatipun tiyang munafik punika: goroh, cidra, remen sumpah palsu, lan jirih. Allah dhawuh supados ummat Islam ta'at ing Allah lan Rasul, sarta nyadhiaaken dana sosial kangge perjoanganing jihad, da'wah, lan adeging amal shaleh (griya sakit, asuhan lare yatim, laboratorium, musium pendidikan lss.).

2. Kakalihipun surat kasebat amiwiti sarana kalimat: „sabbaha lillahi" tegesipun ngaturaken tasbih ing ngarsa dalem Allah ingkang Murbengjagad tur Maha Wicaksana.

3. Ing surat Ash Shaff anerangaken cetha bilih titiyang Yahudi punika sasar lan fasik (duraka tur deksura), dene wonten ing surat Al Jumu'ah dipun ambali malih katerangaken bilih piyambakipun punika estunipun malah bodho kados dene kewan kuldi ingkang ngrenggiyeg ngusungi kitab-kitab kathah sanget, nanging boten mangertos ingkang dipun usung punika kitab lan boten saged mangertos ilmunipun.

AL JUMU'AH (SHALAT JUM'AT)

Surat kaping 62 : 11 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat Ash Shaff.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kautuse Kanjeng Nabi s.a.w iku dadi Rahmating Allah tumrap ummat manungsa.

1. Maha nucekake marang Allah sakabeh-ing barang kang ana ing Langit lan Bumi. Allah kang Jumeneng Panguwasa, tur Maha Suci, kang Maha Mulya tur Wicaksana.

١- يُسَبِّحُ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ الْمَلِكِ الْقُدُّوْسِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ۝

Yusabbihu lillaahi maa fis-samaawaati wamaa fil ardhil malikil qudduusil 'aziizil hakiim.

2. PanjenengaNe Allah kang angutus UtusaNe Muhammad, marang kaum kang padha wuta-sastra, wong-wong Arab saka Bangsane, Muhammad macakake Ayate Allah marang kaume, lan nyucekake apa dene mulangake Kitab Quraan, lan hikmah tumindake. Lan kahanane kaume sadurunge Utusan mau kautus, tetela wus padha sasar.

٢- هُوَ الَّذِيْ بَعَثَ فِي الْاُمِّيّٖنَ رَسُوْلًا مِّنْهُمْ يَتْلُوْا عَلَيْهِمْ اٰيٰتِهٖ وَيُزَكِّيْهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ ۗ وَاِنْ كَانُوْا مِنْ قَبْلُ لَفِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ۝

Huwal ladzii ba'atsa fil ummiyyiina rasuulam minhum yatluu 'alaihim aayaatihii wa yuzakkiihim wa yu'allimuhumul kitaaba wal hikmata wa-in kaanuu min qablu lafii dhalaalim mubiin.

3. Lan Muhammad, Utusan mau uga kautus marang liyane kaume dhewe, kaum liyane mau ora bisa mapaki karo kaume

٣- وَّاٰخَرِيْنَ مِنْهُمْ لَمَّا يَلْحَقُوْا بِهِمْ ۗ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝

Muhammad darajate. Allah iku Maha Mulya tur Wicaksana.

Wa aakhariina minhum lammaa yalhaquu bihim, wa huwal 'aziizul hakiim.

4. Kang mangkono mau Kanugrahaning Allah, kaparingake marang wong kang dadi kaparenging karsaNe. Allah iku kagungan Kanugrahan kang agung.

٤ - ذٰلِكَ فَضْلُ اللّٰهِ يُؤْتِيْهِ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيْمِ ۝

Dzaalika fadhlullaahi yu'tiihi may yassyaa-u wallaahu dzul fadhlil 'azhiim.

Pepenget tumrap wong Islam, aja kaya wong Yahudi kang ora ngamalake Kitab Taurat.

5. Dene sanepane wong kang padha diparingi Kitab Taurat, banjur ora padha gelem ngestokake (ngamalake) iku kaya upamane kuldi dimomoti Kitab sapirang-pirang. Ala temen sanepane wong kang padha maido ing Ayat-ayate Allah. Allah ora nuduhake wong kang padha nganiaya.

٥ - مَثَلُ الَّذِيْنَ حُمِّلُوا التَّوْرٰىةَ ثُمَّ لَمْ يَحْمِلُوْهَا كَمَثَلِ الْحِمَارِ يَحْمِلُ اَسْفَارًا ۗ بِئْسَ مَثَلُ الْقَوْمِ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِى الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Matsalul ladziina hummilut tauraata tsumma lam yahmiluuhaa kamatsalil himaari yahmilu asfaaraa, bi'sa matsalul qaumil ladziina kadzdzabuu bi-aayaatil laah, wallaahu laa yahdil qaumazh zhaalimiin.

6. Muhammad, sira dhawuha: "He wong kang padha ngrungkebi Agama Yahudi, manawa sira padha duwe pangira yen sira iku kinasih dening Allah, manungsa liyane ora, mara padha ngarep-arepa ing pati, manawa sira pancen temen!".

٦ - قُلْ يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ هَادُوْٓا اِنْ زَعَمْتُمْ اَنَّكُمْ اَوْلِيَآءُ لِلّٰهِ مِنْ دُوْنِ النَّاسِ فَتَمَنَّوُا الْمَوْتَ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ۝

Qul yaa ayyuhal ladziina haaduu in za'amtum annakum auliyaa-u lillaahi min duunin naasi fatamannawul mauta in kuntum shaadiqiin.

7. Salawase wong-wong Yahudi ora gelem ngarep-arep pati, jalaran kagawa saka laku ala kang wus padha ditindakake, Allah Nupiksa marang wong kang padha nganiaya.

٧ - وَلَا يَتَمَنَّوْنَهٗٓ اَبَدًا ۢ بِمَا قَدَّمَتْ اَيْدِيْهِمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ بِالظّٰلِمِيْنَ ۝

Walaa yatamannau nahuu abadam bimaa qaddamat aidiihim, wallaahu 'aliimum bizhzhaalimiin.

٨ . قُلْ إِنَّ الْمَوْتَ الَّذِي تَفِرُّونَ مِنْهُ فَإِنَّهُ مُلَاقِيكُمْ ثُمَّ تُرَدُّونَ إِلَىٰ عَالِمِ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝

Qul innal mautal ladzii tafirruuna minhu fa-innahuu mulaaqiikum tsumma turadduuna ilaa 'aalimil ghaibi wasy-syahaadati fayunabbi-ukum bimaa kuntum ta'maluun.

8. Muhammad, sira dhawuha: "Sanyata tekaning pati kang padha sira mlayu ngendhani iku mesthi bakal methuki ing sira, ing kono banjur sira disowanake marang ngarsaNe Allah kang Nguningani barang ghaib lan kang kanyatan. PanjenengaNe Allah banjur anjlentrehake barang kang wus padha sira tindakake".

Pranatan hukum bab Shalat Jum'ah.

٩ . يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا نُودِيَ لِلصَّلَاةِ مِن يَوْمِ الْجُمُعَةِ فَاسْعَوْا إِلَىٰ ذِكْرِ اللَّهِ وَذَرُوا الْبَيْعَ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu idzaa nuudiya lishshalaati miy yaumil jumu'ati fas'au ilaa dzikrillaahi wadzarul baii', dzaalikum khairul lakum in kuntum ta'lamuun.

9. He para wong Mu'min kabeh! manawa sira wus diundang Adzan Shalat Jum'ah,[986] dienggal sira padha nekanana, karana eling ing Allah, sira padha lerena saka panggaweanira! Kang mangkono iku luwih becik tumrap sira, manawa sira padha mangerti!

١٠ . فَإِذَا قُضِيَتِ الصَّلَاةُ فَانتَشِرُوا فِي الْأَرْضِ وَابْتَغُوا مِن فَضْلِ اللَّهِ وَاذْكُرُوا اللَّهَ كَثِيرًا لَّعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ۝

Fa-idzaa qudhiyatish shalaatu fantasyiruu fil ardhi wabtaghuu min fadhlillaahi wadzkurullaaha katsiiral la'allakum tuflihuun.

10. Dene manawa wus rampung ditindakake Shalat Jum'at, sira padha sumebara ana ing Bumi, padha ngupayaa Kanugrahaning Allah, lan padha ngekeh-ekehna eling marang Allah, ing pamrih supaya sira oleh kabegjan jati.

986). Manawi muazzin (ingkang azan = ajak-ajak snalat) lan Khatib (ingkang khotbah) sampun wonten ing mimbar, dinten Jum'ah (seminggu sepisan) kaum Muslimin (jaler) wajib enggal-enggal dhateng, ngestokaken ajakanipun muazzin lan kedah nilar sadaya pandamelan (ngupados nafakah).

11. Lan nalikane wong-wong munafik padha dagangan (komoditi), utawa dedolanan, dheweke nuli padha mlayu ngrubungi dagangan mau, lan ninggal sira Muhammad, dhewekan ngadeg khutbah! Sira dhawuha: "Ganjaran kang ana ngarsa dalem Allah iku luwih becik tinimbang karo barang dedolanan lan dagangan. Allah iku becik-beciking Dzat kang paring rezeki!".

***)

١١ ـ وَإِذَا رَأَوْا تِجَارَةً أَوْ لَهْوًا انْفَضُّوا إِلَيْهَا وَتَرَكُوكَ
قَائِمًا ۚ قُلْ مَا عِنْدَ اللَّهِ خَيْرٌ مِنَ اللَّهْوِ وَمِنَ
التِّجَارَةِ ۚ وَاللَّهُ خَيْرُ الرَّازِقِينَ ۝ ع

Wa idzaa ra-au tijaaratan au lahwanin fadhdhuu ilaihaa wa tarakuuka qaa-imaa, qul maa 'indallaahi khairum minal lahwi wa minattijaarati wallaahu khairur raaziqiin.

***). **Minangka panutuping katerangan kita aturaken intisari lan interkorelasi ing antawisipun surat Al Jumu'ah kalayan surat Al Munaafiquun (Titiyang Munafik):**

1. Wonten ing surat Al Jumu'ah dhawuhing Allah SWT dhumateng para Mu'minin supados enggal andhatengi Shalat Jum'ah lan ninglingaken Khotbah, urusan padamelan utawi dedagangan supados katilar rumiyin, mangke sabakdanipun wangsul dipun garap malih, dene wonten ing surat Munaafiquun kadhawuhaken minangka pepenget supados sampun ngantos bandha lan anak nyupekaken enget lan manembah ing Allah.

2. Kaweca ing surat Al Jumu'ah bilih ummat Islam badhe mulya manawi yektos mangertos lan nindakaken piwucal lan tuntunanipun Nabi Muhammad s.a.w. kosok wangsulipun ing surat Al Munaafiquun katerangaken bilih titiyang munafik sami asor lan ina, sabab dening anggenipun boten purun mangertosi lan nindakaken piwucal lan tuntunanipun Nabi s.a.w.

AL MUNAAFIQUUN (WONG-WONG MUNAFIK)

Surat kaping 63 : 11 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat Al Hajj.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Sipat-sipat (identitas) watake wong munafik.

1. Manawa wong-wong munafik padha sowan ing sira Muhammad, dheweke padha matur: "Kula anekseni bilih panjenengan punika Utusanipun Allah". Pangandikaning Allah: "Allah Nguningani yen sira iku temen dadi UtusaNe. Allan anekseni yen satemene wong munafik iku padha goroh".

١ - إِذَا جَآءَكَ الْمُنٰفِقُوْنَ قَالُوْا نَشْهَدُ إِنَّكَ لَرَسُوْلُ اللّٰهِ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ إِنَّكَ لَرَسُوْلُهٗ وَاللّٰهُ يَشْهَدُ إِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ لَكٰذِبُوْنَ ٥

Idzaa jaa-akal munaafiquuna qaaluu nasyhadu innaka larasuulullaahi wallaahu ya'lamu innaka larasuuluh, wallaahu yasyhadu innal munaafiqiina lakaadzibuun.

2. Wong munafik padha anggunakake tameng[987] kalawan sumpahe, banjur padha nyegah Agamaning Allah. Ala temen tumindake wong-wong munafik iku.

٢ - إِتَّخَذُوْٓا أَيْمَانَهُمْ جُنَّةً فَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ إِنَّهُمْ سَآءَ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ٥

Ittakhadzuu aimaanahum junnatan fashadduu 'an sabiilillaahi, innahum saa-a maa kaanuu ya'lamuun.

3. Kang mangkono iku jalaran dheweke wus padha iman, banjur bali kafir, mula

٣ - ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ اٰمَنُوْا ثُمَّ كَفَرُوْا فَطُبِعَ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ

987) Maksudipun titiyang munafik sami sumpah bilih piyambakipun punika iman (lelamisan) saperlu amrih wilujengipun bandha daganganipun sarta wilujeng sadaya urusanipun.

atine banjur di ecap, (dikunci mati), nuli dheweke ora padha mangerti.

فَهُمْ لَا يَفْقَهُوْنَ ۝

Dzaalika bi-annahum aamanuu tsumma kafaruu fathubi'a 'alaa quluubihim fahum laa yafqahuun.

4. Manawa sira Muhammad, andeleng marang wong-wong mau, awake anggumunake ing sira,[988] lan manawa dheweke padha duwe atur, sira rungokna ature. Sanajana mangkono, awake wong-wong munafik iku kaya dene kayu kang padha sumendhe. Saben ana suwara jalerit, disengguh suwarane ing mungsuh tumuju dheweke. Hiya dheweke iku mungsuh sing sabenere tumrap sira, mula sira kang prayitna marang wong-wong munafik. Allah bakal merangi wong-wong iku kabeh. Sabab dening apa, wong-wong iku padha kablinger saka iman!.

٤ - وَإِذَا رَأَيْتَهُمْ تُعْجِبُكَ أَجْسَامُهُمْ ۖ وَإِنْ يَقُوْلُوْا تَسْمَعْ لِقَوْلِهِمْ ۖ كَأَنَّهُمْ خُشُبٌ مُّسَنَّدَةٌ ۖ يَحْسَبُوْنَ كُلَّ صَيْحَةٍ عَلَيْهِمْ ۖ هُمُ الْعَدُوُّ فَاحْذَرْهُمْ ۖ قٰتَلَهُمُ اللّٰهُ ۖ أَنّٰى يُؤْفَكُوْنَ ۝

Wa idzaa ra-aitahum tu'jibuka ajsaamuhum, wa-iy yaquuluu tasma' liqaulihim ka-annahum khusubum musannadatun, yahsabuuna kulla shaihatin 'alaihim, humul 'aduwwu fahdzarhum, qaatala humullaahu annaa yu'fakuun.

5. Lan manawa wong-wong iku diceluk: "Padha mrenea! padha imana, supaya Rasulilah nyuwunake pangapura tumrap sira!". Wong-wong mau banjur padha ngingerake sirahe, lan sira sumurup wong-wong munafik mau padha mengo lan gumedhe!

٥ - وَإِذَا قِيْلَ لَهُمْ تَعَالَوْا يَسْتَغْفِرْ لَكُمْ رَسُوْلُ اللّٰهِ لَوَّوْا رُءُوْسَهُمْ وَرَأَيْتَهُمْ يَصُدُّوْنَ وَهُمْ مُّسْتَكْبِرُوْنَ ۝

Wa idzaa qiila lahum ta'aalau yastaghfir lakum rasuulullaahi lawwau ru-uusahum wa ra-aitahum yashudduuna wahum mustakbiruun.

6. Kang mangkono iku padha bae, ing atase wong-wong munafik mau, sira suwunake pangapura ing ngarsa dalem Allah, utawa ora, Allah ora bakal paring pangaksama marang wong-wong munafik mau. Sanyata Allah iku ora nuduhake marang wong-wong kang fasik (duraka).

٦ - سَوَاءٌ عَلَيْهِمْ أَسْتَغْفَرْتَ لَهُمْ أَمْ لَمْ تَسْتَغْفِرْ لَهُمْ ۖ لَنْ يَّغْفِرَ اللّٰهُ لَهُمْ ۖ إِنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفٰسِقِيْنَ ۝

---

988). **Tiyang-tiyang munafik dipun sanepakaken kados dene kajeng ingkang sami sumendhe, katingaling tata lahir kajeng sae, jebulipun gropok lan ambruk. Katingalipun sae ing pergaulan, badanipun gagah-gagah lan bregas, wawan caranipun pinter lan nenarik simpati umum, manawi masarakat kalebetan duratmaka subversif ingkang damel gendra, katingalipun sanes piyambakipun tiyang munafik, ing wusana inggih piyambakipun punika ingkang dados dhalang! (Mengsah mungging cangklakan). Organisasi lelamisan cara munafik punika ing jaman modern inggih warni-warni kamajengan tehnikipun. Meh sadaya lokalisasi kamaksiyatan dados jaring-jaring ingkang prigel nyrimpet sinten tiyanga ingkang boten awas-waspada. Punapa malih tiyang ingkang ringkih iman Agaminipun, utawi mlempem semangatipun perjoangan, lan dhasar mentalipun oglak-oglik kados siwur pothol, badhe gampil kapilut rereka-awonipun tiyang munafik. Cekakipun mirip sanget spionase!**

Sawaa-un 'alaihim astaghfarta lahum am lam tastaghfir lahum, lay yaghfirallaahu lahum, innallaaha laa yahdil qaumal faasiqiin.

7. Hiya wong-wong iku kang padha ngucap: "Sira aja padha aweh (kirim) pangan marang wong Mu'min, kang ngadhep ana ngarsane Rasulullah, sahengga manawa wong-wong mau padha gelem bubar!". Allah kang ngasta gedhong-gedhong raja-brananing Langit lan Bumi, ananging wong-wong munafik iku ora padha mangerti".

٧. هُمُ الَّذِيْنَ يَقُوْلُوْنَ لَا تُنْفِقُوْا عَلٰى مَنْ عِنْدَ رَسُوْلِ اللّٰهِ حَتّٰى يَنْفَضُّوْا ۗ وَلِلّٰهِ خَزَآئِنُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَلٰكِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ لَا يَفْقَهُوْنَ ۝

Humul ladziina yaquuluuna laa tunfiquu 'alaa man 'inda rasuulillaahi hattaa yanfadhdhuu, wa lillaahi khazaa-inus samaawaati wal ardhi walaakinnal munaafiqiina laa yafqahuun.

8. Dheweke padha celathu: "Satemene manawa aku bali mulih menyang Madinah, 989) mesthi golongan kang mulya nundhung marang golongan kang asor saka Negara kono!". Pangandikaning Allah: "Kamulyan iku kagunganing Allah, lan UtusaNe, lan para wong Mu'min kabeh, ananging wong-wong munafik ora padha mangerti".

٨. يَقُوْلُوْنَ لَئِنْ رَّجَعْنَآ اِلَى الْمَدِيْنَةِ لَيُخْرِجَنَّ الْاَعَزُّ مِنْهَا الْاَذَلَّ ۗ وَلِلّٰهِ الْعِزَّةُ وَلِرَسُوْلِهٖ وَلِلْمُؤْمِنِيْنَ وَلٰكِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ ۝

Yaquuluuna la-ir raja'naa ilal madiinati layukhrijannal a'azzu minhal adzal, wa lillaahil 'izzatu wa lirasuulihii wa lil mu'miniina walaakinnal munaafiqiina laa ya'lamuun.

Sipat-sipat kang padha ing antarane (identitas) watake wong Mu'min.

9. He para wong Mu'min kabeh! eling, bandha lan anakira aja nganti nglalekake sira kabeh saka eling marang Allah. Sing sapa nindakake kang kaya mangkono iku, katungkul karo bandha lan anake, wong-wong iku padha kapitunan!

٩. يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُلْهِكُمْ اَمْوَالُكُمْ وَلَآ اَوْلَادُكُمْ عَنْ ذِكْرِ اللّٰهِ ۚ وَمَنْ يَّفْعَلْ ذٰلِكَ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu laa tulhikum amwaalukum walaa aulaadukum 'an dzikrillaahi, wamay yaf'al dzaalika fa-ulaa-ika humul khaasiruun.

10. Lan sira padha ananjakna dedana saka rezeki kang wus Ingsun paringake marang

١٠. وَاَنْفِقُوْا مِنْ مَّا رَزَقْنٰكُمْ مِّنْ قَبْلِ اَنْ يَّاْتِيَ اَحَدَكُمُ

989). Inggih punika sami wangsul saking peperangan Bani Musthalik.

sira kabeh, sadurunge salah sijinira katekan ing pati, temahan banjur matur: "Dhuh Allah Pangeran kula! mugi Paduka paring inah sakedhap kemawon, kula badhe sedhekah, lan kula badhe dados golonganipun tiyang ingkang sami shaleh!".

الْمَوْتُ فَيَقُولَ رَبِّ لَوْلَآ أَخَّرْتَنِىٓ إِلَىٰٓ أَجَلٍ
قَرِيبٍ فَأَصَّدَّقَ وَأَكُن مِّنَ الصَّٰلِحِينَ ۝

Wa anfiquu mim maa razaqnaakum min qabli ay ya'tiya ahadakumul mautu fayaquula rabbi laulaa akhkhartanii ilaa ajalim qariib, fa-ashshaddaqa wa akum minash shaalihiin.

11. Lan Allah ora bakal paring inah marang wong kang manawa wus teka mangsa patine, Allah iku Maha Waspada marang barang kang padha sira lakoni.

***)

١١ - وَلَن يُؤَخِّرَ ٱللَّهُ نَفْسًا إِذَا جَآءَ أَجَلُهَا ۚ وَٱللَّهُ
خَبِيرٌۢ بِمَا تَعْمَلُونَ ۝

Walay yu-akhkhirallaahu nafsan idzaa jaa-a ajaluhaa, wallaahu khabiirum bimaa ta'maluun.

***). **Intisari sarta interkorelasi (sasambetan ingkang manunggil ancas tujuan) ing antawisipun surat Al Munaafiquun kalayan surat Al Taghaabuun (Dina dikatonake kasalahan):**

1. **Manawi ing surat Al Munaafiquun nerangaken sipat-sipatipun titiyang munafik, manawi ing surat At Taghaabuun anerangaken sesipatanipun tiyang ingkang sami kafir.**
2. **Kakalihipun surat punika sami anggretehaken supados samia kersa ngluberaken dana sosial 'ibadat kangge Da'wah sarta amal kasaenan ingkang murakabi kapentinganing umum!**
3. **Ing surat Al Munaafiquun suka pepenget supados bandha lan putera sampun ngantos nyupekaken ing kuwajibaning Agama, dene wonten ing surat At Taghaabuun dipun terangaken bilih bandha lan putera punika titipan lan dados cobi imaning manungsa dhumateng Allah.**

AT TAGHAABUUN (DINA DIKATONAKE KASALAHAN)

Surat kaping 64 : 18 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat At Tahrim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Maha nucekake marang Allah sakabeh-ing barang kang ana ing Langit lan Bumi. Allah kagungan Kraton lan kagungan Pangalembana. PanjenengaNe Allah Kuwasa ing atase kabeh barang!

١- يُسَبِّحُ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝

Yusabbihu lillaahi maa fis-samaawaati wamaa fil ardhi, lahul mulku wa lahul hamdu wa huwa 'alaa kulli syai-in qadiir.

2. Hiya PanjenengaNe Allah kang wus anitahake sira kabeh, sawenehira ana kang kafir, lan sawenehira maneh ana kang Mu' min. Allah iku Maha Nupiksa marang barang kang padha sira tindakake.

٢- هُوَ الَّذِيْ خَلَقَكُمْ فَمِنْكُمْ كَافِرٌ وَّمِنْكُمْ مُّؤْمِنٌ ۭ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝

Huwal ladzii khalaqakum faminkum kaafiruw wa minkum mu'min, wallaahu bimaa ta'maluuna bashiir.

3. PanjenengaNe Allah wus anitahake Langit lan Bumi kalawan bener, lan PanjenengaNe wus paring rupa marang sira kabeh lan dibagusake dening Allah rupanira kabeh, lan marang ngarsaning Allah sowane para manungsa.

٣- خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ بِالْحَقِّ وَصَوَّرَكُمْ فَاَحْسَنَ صُوَرَكُمْ ۚ وَاِلَيْهِ الْمَصِيْرُ ۝

Khalaqas samaawaati wal ardha bil-haqqi wa shawwarakum fa-ahsana shuwa-rakum wa ilaihil mashiir.

4. Allah Nguningani barang kang ana ing sajeroning Langit lan Bumi, lan uga Nguni-

٤- يَعْلَمُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَيَعْلَمُ مَا تُسِرُّوْنَ

ngani barang kang sira samarake, lan sira edhengake. Allah iku Nupiksani barang kang ana ing sajeroning ati.

وَمَا تُعْلِنُوْنَ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝

Ya'lamu maa fis-samaawaati wal ardhi wa ya'lamu maa tusyirruuna wamaa tu'linuun, wallaahu 'aliimum bidzaatish shuduur.

5. Apa sira durung padha katekan carita lelakone wong kafir ing jaman kuna, kang wus padha ngicipi pakewuhing lelakone, sarta padha kapatrapan siksa kang nglarani.

٥ - اَلَمْ يَأْتِكُمْ نَبَؤُا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ قَبْلُ فَذَاقُوْا وَبَالَ اَمْرِهِمْ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝

Alam ya'tikum naba-ul ladziina kafaruu min qablu fadzaaquu wa baala amrihim wa lahum 'adzaabun aliim.

6. Kang mangkono mau marga dheweke wus padha karawuhan para andika Rasul kalawan ngampil tandha yekti kang pratela, dheweke banjur padha ngucap: "Punapa sasamining tiyang punika saged nedahaken dhateng kula?". Dheweke banjur padha kafir lan mlengos. Allah ora butuh imane wong-wong mau, Allah iku Maha Sugih tur Pinuji.

٦ - ذٰلِكَ بِاَنَّهٗ كَانَتْ تَّاْتِيْهِمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ فَقَالُوْٓا اَبَشَرٌ يَّهْدُوْنَنَا فَكَفَرُوْا وَتَوَلَّوْا وَّاسْتَغْنَى اللّٰهُ ۗ وَاللّٰهُ غَنِيٌّ حَمِيْدٌ ۝

Dzaalika bi-annahuu kaanat ta'tiihim rusuluhum bil bayyinaati faqaaluu abasyaruy yahduunanaa, fakafaruu wa tawallau wastaghnallaah, wallaahu ghaniyyun hamiid.

7. Wong-wong kafir wus padha ngira, yen dheweke ora bakal ditangekake saka kubur urip maneh, Muhammad sira dhawuha: "Demi Allah, Pangeranku! panyananira iku luput. Sira mesthi bakal ditangekake saka kubur, banjur diweruhake 'amal kang wus padha sira lakoni, mangkono iku ing atase Allah gampang!".

٧ - زَعَمَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اَنْ لَّنْ يُّبْعَثُوْا ۗ قُلْ بَلٰى وَرَبِّيْ لَتُبْعَثُنَّ ثُمَّ لَتُنَبَّؤُنَّ بِمَا عَمِلْتُمْ ۗ وَذٰلِكَ عَلَى اللّٰهِ يَسِيْرٌ ۝

Za'amal ladziina kafaruu al-lay yab-'atsuu, qul balaa wa rabbii latub'atsunna tsumma latunabba-unna bimaa 'amiltum, wa dzaalika 'alallaahi yasiir.

8. Mangka sira padha imana marang Allah lan UtusaNe, lan angestokna dhawuhing wahyu Quraan, kang wus Ingsun turunake. Allah iku Maha Waspada marang barang kang padha sira tindakake.

٨ - فَاٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَالنُّوْرِ الَّذِيْٓ اَنْزَلْنَا ۗ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ۝

Fa-aaminuu billaahi wa rasuulihii wannuuril ladzii anzalnaa, wallaahu bimaa ta'maluuna khabiir.

9. Besuk ing dina Qiyamat, ing nalikane Allah nglempakake sira kabeh, lah iku sawijining dina dikatonake kasalahan-kasalahane wong kafir, dene sing sapa iman marang Allah lan nindakake laku becik, Allah bakal nutupi alane wong iku, lan ngenggonake ana ing Suwarga kang ngisore ana kaline mili, tur padha langgeng ana ing kono, kang mangkono iku kabegjan agung!

٩ - يَوْمَ يَجْمَعُكُمْ لِيَوْمِ الْجَمْعِ ذٰلِكَ يَوْمُ التَّغَابُنِ
وَمَنْ يُّؤْمِنْ بِاللّٰهِ وَيَعْمَلْ صَالِحًا يُّكَفِّرْ عَنْهُ
سَيِّاٰتِهٖ وَيُدْخِلْهُ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ
خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۭ ذٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝

Yauma yajma'ukum liyaumil jam'i dzaalika yaumut taghaabun, wamay yu'mim billaahi wa ya'mal shaalihay yukaffir 'anhu sayyi-aatihii wa yud-khilhu jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa abadaa, dzaalikal fauzul 'azhiim.

10. Dene wong kafir lan maido ing Ayat-ayatIngsun, wong-wong iku bakal padha manggon ing Neraka, tur padha langgeng ana ing kono. Neraka iku ala-alaning pangungsen.

١٠ - وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَكَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَآ اُولٰۗىِٕكَ اَصْحٰبُ النَّارِ
خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۭ وَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ۝

Walladziina kafaruu wa kadzdzabuu bi-aayaatinaa ulaa-ika ash-haabun naari khaalidiina fiihaa, wa bi'sal mashiir.

Sing prayitna urip sapisan ing 'alam Donya.

11. Ora ana wong kang kataman coba kajaba mesthi kalawan idzine Allah. Dene sing sapa iman marang Allah, Allah bakal nuduhake atine wong iku. Allah iku Nguningani sakabehing prakara.

١١ - مَآ اَصَابَ مِنْ مُّصِيْبَةٍ اِلَّا بِاِذْنِ اللّٰهِ ۭ وَمَنْ
يُّؤْمِنْۢ بِاللّٰهِ يَهْدِ قَلْبَهٗ ۭ وَاللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ
عَلِيْمٌ ۝

Maa ashaaba mim mushiibatin illaa bi-idzniillaah, wamay yu'mim billaahi yahdi qalbahuu wallaahu bikulli syai-in 'aliim.

12. Lan sira padha ngabektia marang Allah, lan ngabektia marang Rasulullah. Manawa sira padha malengos, mangka satemene kuwajibaning Rasul iku mung maratakake Da'wah kang pratela.

١٢ - وَاَطِيْعُوا اللّٰهَ وَاَطِيْعُوا الرَّسُوْلَ ۚ فَاِنْ تَوَلَّيْتُمْ فَاِنَّمَا
عَلٰي رَسُوْلِنَا الْبَلٰغُ الْمُبِيْنُ ۝

Wa athii'ullaaha wa athii'ur rasuula, fa-in tawallaitum fa-innamaa 'alaa rasuulinal balaaghul mubiin.

13. Ana dene Allah iku ora ana Pangeran kajaba mung PanjenengaNe, kang wajib sinembah. Wong Mu'min padha tawakkal pasrah marang Allah!

١٣- اَللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۗ وَعَلَى اللّٰهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُوْنَ ۝

Allaahu laa-ilaaha illaa huwa, wa 'alal-laahi fal-yatawakkalil mu'minuun.

14. He para wong Mu'min kabeh, satemene sawenehe bojo lan anakira iku ana kang mungsuh [990] karo sira, mula sira kang padha prayitna urip sepisan ing 'alam Donya, dene menawa sira gelem ma'afake, ora srengen, lan ngapura kaluputane bojo lan anakira, mangka sanyata Allah iku rena paring pangapura tur Maha Asih.

١٤- يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنَّ مِنْ اَزْوَاجِكُمْ وَاَوْلَادِكُمْ عَدُوًّا لَّكُمْ فَاحْذَرُوْهُمْ ۚ وَاِنْ تَعْفُوْا وَتَصْفَحُوْا وَتَغْفِرُوْا فَاِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu inna min azwaajikum wa aulaadikum 'aduwwal lakum fahdzaruuhum, wa-in ta'fuu wa tashfahuu wa taghfiruu fa-innallaaha ghafuurur rahiim.

15. Satemene bandha lan anakira iku dumunung coba! [991] Ana dene Allah iku kang kagungan ganjaran gedhe ana ing NgarsaNe.

١٥- اِنَّمَآ اَمْوَالُكُمْ وَاَوْلَادُكُمْ فِتْنَةٌ ۗ وَاللّٰهُ عِنْدَهٗٓ اَجْرٌ عَظِيْمٌ ۝

Innamaa amwaalukum wa aulaadukum fitnah, wallaahu 'indahuu ajrun 'azhiim.

16. Mangka sira padha wedia ing Allah sapentoking kabeh kekuwatanira, 992) lan sira padha ngestokna lan ngabektia dhedhepe ing Allah, sarta padha nanjakna bandhanira marang kabecikan kang migunani ing awakira. Sing sapa direksa saka kumet atine, wong iku padha oleh kabegjan jati.

١٦- فَاتَّقُوا اللّٰهَ مَا اسْتَطَعْتُمْ وَاسْمَعُوْا وَاَطِيْعُوْا وَاَنْفِقُوْا خَيْرًا لِّاَنْفُسِكُمْ ۗ وَمَنْ يُّوْقَ شُحَّ نَفْسِهٖ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ۝

Fattaqullaaha . mastatha'tum wasma'uu wa athii'uu wa anfiquu khairal li-anfusikum, wamay yuuqa syuhha nafsihii fa-ulaa-ika humul muflihuun.

---

990). Makmur lan tata tentreming balegriya punika Bapa kabiyantu Simahipun ingkang tanggel jawab wonten ing ngarsaning Allah lan ugi ing masarakat. Nanging wonten ing kanyatanipun, Simah (garwa) lan putra-putra punika sok kadhang kala anjlomprongaken Bapa katliweng tumindak ingkang nerak angger Agami lan angger Negari, kadosta korupsi, botohan, main judhi lss. maksiyat.

991) Pramila karaharjaning bale-griya kedah wonten salebeting kondisi pendidikan Agami, sarta traping susila cara pribadi Indonesia.

992) Ingkang dipun maksud gadhah kasagahan kangge nafakahi sadaya kulawarga ingkang dados tanggel jawabipun. Ingkang penting nafakah saking margi ingkang halal lan tumanjanipun ugi manfa'at Donya - Akherat. Mila ngawontenaken pandamelan (sampun ngantos nganggur) punika kuwajibanipun satunggal-satunggalipun Warga Negari, lan ugi tanggel jawabipun Pamarentah, dados tiyang gesang punika kedah kreatif (ada-ada ingkang nuwuhaken kemakmuran).

17. Manawa sira padha gelem ngutangi kabecikan marang Allah,[993] Allah bakal nikelake ijole sarta paring pangapura ing sira kabeh. Allah iku Maha Aris, sarta pantes manungsa ngunjukake suka syukur!

١٧- إِنْ تُقْرِضُوا اللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا يُضَاعِفْهُ لَكُمْ وَ
يَغْفِرْ لَكُمْ وَاللَّهُ شَكُورٌ حَلِيمٌ ۝

In tuqridhullaaha qardhan hasanay yudhaa'ifhu lakum wa yaghfir lakum, wallaahu syakuurun haliim.

18. Allah kang Maha Nupiksani barang kang ghaib lan kang lahir, kang Maha Mulya tur Maha Wicaksana.

١٨- عَالِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ۝

'Aalimul ghaibi wasysyahaadatil 'aziizul hakiim.

***)

---

993). **Dene manawi saking kepareng kakersakaken dening Allah SWT dipun gadhuhi ilmu (dados sarjana), utawi kawibawan (dados pemimpin, ulama, ngasta pamarentahan), utawi bandha (ekonominipun kiyat), supados ingkang sregep dedana, minangka caos sambutan ing ngarsanipun Allah, benjing Gusti Allah Ingkang Maha Mirah, Maha Asih tamtu nikelaken ganjaranipun tikel kaping 700 tikelan! (surat Al-Baqarah: 261).**

***). **Intisari sarta sasambetaning katerangan antawisipun surat At Taghaabuun kalayan surat Ath Thalaqa makaten:**

Wonten ing surat At Taghaabuun katerangaken bilih ing antawisipun para simah lan putera, wonten ingkang malah dados mengsah, lan tansah dados sabab ributing bale griya antawisipun jaler-estri punika dados memala, ibaratipun neraka donya; wonten ing surat Ath Thalaq katerangaken manawi boten saged malih wangsul sae-sae, dipun idzini medal konten darurat, inggih punika hukum talak, ingkang katerangaken sarana ringkesan!

ATH THALAQ (TALAK)

Surat kaping 65 : 12 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat Al Insaan.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

١ - يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ اِذَا طَلَّقْتُمُ النِّسَآءَ فَطَلِّقُوْهُنَّ لِعِدَّتِهِنَّ وَاَحْصُوا الْعِدَّةَ ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ رَبَّكُمْ ۚ لَا تُخْرِجُوْهُنَّ مِنْۢ بُيُوْتِهِنَّ وَلَا يَخْرُجْنَ اِلَّآ اَنْ يَّاْتِيْنَ بِفَاحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ ۚ وَتِلْكَ حُدُوْدُ اللّٰهِ ۚ وَمَنْ يَّتَعَدَّ حُدُوْدَ اللّٰهِ فَقَدْ ظَلَمَ نَفْسَهٗ ۚ لَا تَدْرِيْ لَعَلَّ اللّٰهَ يُحْدِثُ بَعْدَ ذٰلِكَ اَمْرًا ۝

Yaa ayyuhan nabiyyu idzaa thallaqtumun nisaa-a fathalliquu hunna li-'iddatihinna wa akh-zhul 'iddata, wattaqullaaha rabbakum, laa tukhrijuu hunna mim buyuutihinna walaa yakhrujna illaa ay ya'tiina bifaakhisyatim mubayyinah, wa tilka huduudullaah, wamay yata'adda huduudallaahi faqad zhalama nafsah, laa tadrii la'allallaaha yuhditsu ba'da dzaalika amraa.

1. He Nabi Muhammad, sapendhereke wong Mu'min kabeh! manawa sira padha megat (talak) rabinira, mangka pamegatira sira angkaha supaya banjur kawit 'Iddah, yaiku wiwit sucine,[994] lan sira padha nyathetana (ngetunga) mangsane 'Iddahe. Sira padha wedia marang Allah Pangeranira, sira aja nundhung rabinira kang wus dipegat saka omehe, sadurunge rampung 'iddahe. Mangkono uga rabinira ora kena metu saka ing omah kono, kajaba yen dheweke tetela nindakake laku ala,[995] yen mangkono sira kena nundhung. Kang mangkono iku anggeranggering Allah. Sing sapa wani nerak anggeranggering Allah, temen dheweke wus angani aya awake dhewe. Sawuse sira megat rabinira, sira mangerti, mbok manawa Allah banjur ngosikake condhonge atinira karep ambaleni marang rabinira, yaiku rujuk![996]

---

994) **Dipun talak kawit (salebetipun) suci saderengipun dipun kempali (saresmi). Perkawis wekdaling iddah, mirsanana surat Al Baqarah ayat: 228, 234, lan surat Ath Thalaq ayat: 4.**

995) **Artosipun "bi faahisyatim mubayyinah" tetela tumindak awon, inggih punika tumindak pidana, tingkah laku boten sopan kalayan mara sepuh, ipar, besan lan sapanunggilanipun.**

996) **Dados tetembungan "amron" punika ateges proses batos utawi osikipun kacondhonganing manah badhe mbangsuli simahipun malih (rujuk), makaten punika manawi talakipun nembe rentah satunggal utawi kaping kalih.**

٢ - فَإِذَا بَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَأَمْسِكُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ أَوْ
فَارِقُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ وَأَشْهِدُوا ذَوَيْ عَدْلٍ
مِنْكُمْ وَأَقِيمُوا الشَّهَادَةَ لِلَّهِ ذَٰلِكُمْ يُوعَظُ بِهِ مَنْ
كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَمَنْ يَتَّقِ اللَّهَ
يَجْعَلْ لَهُ مَخْرَجًا ۝

Fa-idzaa balaghna ajalahunna fa-amsikuuhunna bima'ruufin au faariquuhunna bima'ruufiw wa asyhiduu dzawaa 'adlim minkum wa aqiimusy syahaadata lillaah, dzaalikum yuu'azhu bihii man kaana yu'minu billaahi wal yaumil aakhiri, wamay yattaqillaaha yaj'al lahuu makhrajaa.

2. Manawa wong wadon kang sira pegat mau, wus ngarep-arep rampung anggone 'iddah, kang mangka sira karep ambaleni, sira ambalenana kalawan becik-becik. Utawa yen sira karep nglulusake papisahan uga kalawan kang becik-becik, lan sira padha neksekna marang kancanira loro kang adil, Sira kang dadi saksi padha dhangana dadi saksi karana Allah. Kang mangkono mau Piwulanging Allah marang wong kang padha iman ing Allah, lan dina Akhir. Sing sapa wedi ing Allah, PanjenengaNe bakal anggampangake dalane wong iku!

٣ - وَيَرْزُقْهُ مِنْ حَيْثُ لَا يَحْتَسِبُ ۚ وَمَنْ يَتَوَكَّلْ عَلَى
اللَّهِ فَهُوَ حَسْبُهُ ۚ إِنَّ اللَّهَ بَالِغُ أَمْرِهِ ۚ قَدْ جَعَلَ
اللَّهُ لِكُلِّ شَيْءٍ قَدْرًا ۝

Wa yarzuqhu min haitsu laa yahtasib, wamay yatawakkal 'alallaahi fahuwa hasbuhuu, innallaaha baalighu amrihii, qad ja'alallaahu likulli syai-in qadiir.

3. Allah paring rezeki marang wong iku saka kang ora kinira-ira, sing sapa sumarah pasrah ing Allah, PanjenengaNe bakal anyukupi marang dheweke, mangertia sanyata Allah iku mesthi angleksanakake prekaraNe, Allah andamel samubarang iku wus kanthi PapestheNe!

٤ - وَاللَّائِي يَئِسْنَ مِنَ الْمَحِيضِ مِنْ نِسَائِكُمْ إِنِ ارْتَبْتُمْ
فَعِدَّتُهُنَّ ثَلَاثَةُ أَشْهُرٍ وَاللَّائِي لَمْ يَحِضْنَ ۚ وَأُولَاتُ
الْأَحْمَالِ أَجَلُهُنَّ أَنْ يَضَعْنَ حَمْلَهُنَّ ۚ وَمَنْ يَتَّقِ
اللَّهَ يَجْعَلْ لَهُ مِنْ أَمْرِهِ يُسْرًا ۝

Wallaa-ii ya-isna minal mahiidhi min nisaa-ikum inirtabtum fa'iddatuhunna tsalaatsatu asy-huriw wallaa-ii lam yahidhna wa ulaatul ahmaali ajaluhunna ay yadha'na hamlahunna wamay yattaqil laaha yaj'al lahuu min amrihii yusraa.

4. Dene manawa sira isih padha mamang prakara 'iddahe wong wadon kang wus luwas getih, weruha sira,[997] 'iddahe wong iku sajerone telung sasi. Samono uga 'iddahe wong wadon kang durung tau garap sari.[998] Dene 'iddahe wong ngandheg, iku sahengga manawa wus nglahirake wetengane. Sing sapa taqwa ing Allah, PanjenengaNe bakal paring gampang ing perkaraNe wong iku.

---

997) **"Yaisna minal mahiidhi" tegesipun tiyang estri ingkang sampun boten nggarap sari malih utawi luwas rah, punika 'iddahipun tigang wulan.**

998) **"Lam yahidhna" tegesipun dereng nate garap sari utawi boten garap sari wiwit lahir mila, ingkang naminipun kedhi. Perkawis kedhi punika, prayogi para Ibu ingkang kagungan putra putri, dipun ihtiyaraken nyuwun pitulung Dokter spesialis ahli gynaecology (ahli kandhungan), mbok manawi taksih saged dipun ikhtiyaraken. Wallahu a'lam !**

٥ - ذٰلِكَ أَمْرُ اللّٰهِ أَنزَلَهُ إِلَيْكُمْ ۚ وَمَن يَتَّقِ اللّٰهَ يُكَفِّرْ عَنْهُ سَيِّئَاتِهِ وَيُعْظِمْ لَهُ أَجْرًا ۝

Dzaalika amrullaahi anzalahuu ilaikum, wamay yattaqillaaha yukaffir 'anhu sayyi-aatihii wa yu'zhim lahuu ajraa.

5. Hiya kang kaya mangkono iku dhawuhing Allah, tinurunake marang sira kabeh! Sing sapa wonge taqwa ing Allah, PanjenengaNe bakal nutupi alane wong iku ngegungake ganjarane marang dheweke mau.

٦ - أَسْكِنُوهُنَّ مِنْ حَيْثُ سَكَنتُم مِّن وُجْدِكُمْ وَلَا تُضَآرُّوهُنَّ لِتُضَيِّقُوا عَلَيْهِنَّ ۚ وَإِن كُنَّ أُولَاتِ حَمْلٍ فَأَنفِقُوا عَلَيْهِنَّ حَتّٰى يَضَعْنَ حَمْلَهُنَّ ۚ فَإِنْ أَرْضَعْنَ لَكُمْ فَآتُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ ۖ وَأْتَمِرُوا بَيْنَكُم بِمَعْرُوفٍ ۖ وَإِن تَعَاسَرْتُمْ فَسَتُرْضِعُ لَهُ أُخْرٰى ۝

Askinuu hunna min haitsu sakantum miw wujdikum walaa tudhaarruu hunna litudhayyiquu 'alaihinna wa-in kunna uulaati hamlin fa-anfiquu 'alaihinna hattaa yadha'na hamlahunna, fa-in ardha'na lakum fa-aatuuhunna ujuurahunna, wa'tamiruu bainakum bima'ruufin, wa-in ta'aasartum fasaturdhi'u lahuu ukhraa.

6. Sira padha ngomahana wong wadon, kang isih ana sajeroning 'iddahe, ana ing omah kang sira anggo ngomahi, dhek nalika durung pegatan! Miturut sakuwatira. Poma sira aja gawe mlarat marang wong wadon mau, banjur sira rupekake. Dene manawa wong wadon ngandheg, sira cukupana pangane (sandhangane) sahengga lahir wetengane. Manawa dheweke nusoni anakira sira menehana pira imbal-jasa upahe, sira rerembugana sakanca kalawan becik (tehnise). Dene manawa sira iku lagi karupekan, ing mangka wong wadon mau ora saguh nusoni anake, sira aja kuwatir! Mesthi bakal ana wong wadon liya kang gelem nusoni anakira.

٧ - لِيُنفِقْ ذُو سَعَةٍ مِّن سَعَتِهِ ۖ وَمَن قُدِرَ عَلَيْهِ رِزْقُهُ فَلْيُنفِقْ مِمَّآ آتَاهُ اللّٰهُ ۚ لَا يُكَلِّفُ اللّٰهُ نَفْسًا إِلَّا مَآ آتَاهَا ۚ سَيَجْعَلُ اللّٰهُ بَعْدَ عُسْرٍ يُسْرًا ۝

liyunfiq dzuu sa'atim min sa'atih, waman qudira 'alaihi rizquhuu falyunfiq mimmaa aataahullaahu, laa yukallifu nafsan illaa maa aataahaa, sayaj'alullaahu ba'da 'usrin yusraa.

7. Wong sugih kudu nyukupi marang brayate, miturut kasugihane! Dene wong kang rupek rezekine, mangka aweha samurwat saanane pariNge Allah. Allah ora marentah marang sawijining wong kajaba tumrap barang kang wus dipariNgake, Gusti Allah bakal andamel sawuse kangelan iku kemayaran gampang![999)]

---

999) Makaten Gusti Allah ngagengaken manahipun tiyang golongan have not, tiyang miskin ingkang tanggel jawab nafakah (sandhang, pangan, lan papan = griya). Ing kanyatanipun nasibipun tiyang punika wajib dipun ihtivar estu-estu, insya Allah badhe paring gampil lan gangsar. Lir upaminipun wonten ing dirgantara peksi sami miber enjing-enjing, sonten sami wangsul angsal rejeki saking tetaneman, wetengipun wareg minthi-minthi, lajeng ngloloh anak-anakipun! Makaten ugi nasibipun manungsa, sabab manungsa ginadhuhan 'akal pikiran, ginadhuhan rasa, cipta lan karsa, insya Allah manawi marsudi sarana cara halal, sarta titi, taberi, nastiti, ngati-ati, nasib ingkang wonten ngandhap badhe berebah ing tengah, lan ing sawatawis wonten tengah badhe minggah wonten nginggil! Lah, manawi sampun wonten nginggil wajib suka syukur ing Pangeran, Allah SWT ingkang paring Rejeki (semat, pangkat, lan kerabat).
„La-in syakartum la-aziidan nakum wala-in kafartum inna 'adzaabii lasyadiid" artosipun: „Manawa sira kabeh padha kaparingan rejeki nuli padha suka syukur, yekti Ingsun mesthi paring tambah, ananging manawa padha kufur (ora gelem suka syukur, malah kumalungkung) entenana, sanyata siksaNingsun iku banget larane!" (surat Ibrahim : 7).

Pranatan kang diampil Rasulullah s.a.w. iku murakabi Karaharjaning ummat Manungsa!

8. Lan wus pira bae akehe wong padesan kang ambalela parentaHing Allah, Pangeran lan UtusaNe. Sawuse wong iku Ingsun timbang kanthi patitis, banjur Ingsun patrapi siksa kang durung tau diweruhi.

٨ - وَكَاَيِّنْ مِّنْ قَرْيَةٍ عَتَتْ عَنْ اَمْرِ رَبِّهَا وَرُسُلِهٖ فَحَاسَبْنٰهَا حِسَابًا شَدِيْدًا وَّعَذَّبْنٰهَا عَذَابًا نُّكْرًا ۝

Waka-ayyim min qaryatin 'atat 'an amri-rabbihaa wa rusulihii fahaasabnaahaa hisaaban syadiidaw wa 'adzdzabnaahaa 'adzaaban nukraa.

9. Karana iku, dheweke padha ngrasakake pancabayan lelakone dhewe, lan kawusananing lalakone iku kapitunan kang gedhe!

٩ - فَذَاقَتْ وَبَالَ اَمْرِهَا وَكَانَ عَاقِبَةُ اَمْرِهَا خُسْرًا ۝

Fadzaaqat wa baala amrihaa wa kaana 'aaqibatu amrihaa khusraa.

10. Allah wus nyawisi siksa abot marang wong-wong iku! Sira sing padha taqwa ing Allah, he wong-wong Mu'min kabeh; Allah wus nurunake pepeling Al Quraan, mula padha ngestokna!

١٠ - اَعَدَّ اللّٰهُ لَهُمْ عَذَابًا شَدِيْدًا فَاتَّقُوا اللّٰهَ يٰٓاُولِى الْاَلْبَابِ ۚ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۚ قَدْ اَنْزَلَ اللّٰهُ اِلَيْكُمْ ذِكْرًا ۝

A'addallaahu lahum 'adzaaban syadiidan fattaqullaaha yaa ulil albaab, alladziina aamanuu, qad anzalallaahu ilaikum dzikraa.

11. PepeliNge Allah iku, UtusaNing Allah kang macakake Ayat-ayaTe Allah kang nerangake sawarnaning angger-angger marang sira kabeh, perlune supaya ngestokake wong kang padha Mu'min, lan nindakake kabecikan, saka pepeteng marang pepadhang. Sing sapa iman ing Allah, lan nindakake laku becik, Allah bakal nglebokake wong iku ing Suwarga, kang ing sangisore ana kaline mili, tur padha langgeng! ana ing Suwarga kono salawase. Temen Allah ambecikake anggone peparing marang wong Mu'min kabeh.

١١ - رَّسُوْلًا يَّتْلُوْا عَلَيْكُمْ اٰيٰتِ اللّٰهِ مُبَيِّنٰتٍ لِّيُخْرِجَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ مِنَ الظُّلُمٰتِ اِلَى النُّوْرِ ۚ وَمَنْ يُّؤْمِنْ بِاللّٰهِ وَيَعْمَلْ صَالِحًا يُّدْخِلْهُ جَنّٰتٍ تَجْرِىْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۚ قَدْ اَحْسَنَ اللّٰهُ لَهٗ رِزْقًا ۝

Rasuulay yatluu 'alaikum aayaatillaahi mubayyinaatil liyukhrijal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati minazh zhulumaati ilannuur, wamay yu'minu billaahi wa ya'mal shaalihay yud-khilhu jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa abadaa, qad ahsanal laahu lahuu rizqaa.

12. Allah kang wus nitahake Langit pitu, uga pepadhane Langit, yaiku Bumi. Ana ing antarane Langit lan Bumi, Gusti Allah tansah nglakokake angger-angger hukum papestheNe, supaya sira padha mangerti (hikmahe) yen satemene Allah iku kang Maha Kuwasa ing atase kabeh barang, lan sanyata 'ilmuNe Allah iku nglimputi ing kabeh barang.

***)

١٢- اَللّٰهُ الَّذِيْ خَلَقَ سَبْعَ سَمٰوٰتٍ وَّمِنَ الْاَرْضِ مِثْلَهُنَّ يَتَنَزَّلُ الْاَمْرُ بَيْنَهُنَّ لِتَعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۙ وَّاَنَّ اللّٰهَ قَدْ اَحَاطَ بِكُلِّ شَيْءٍ عِلْمًا ۝

Allaahul ladzii khalaqa sab'a samaawaatiw wa minal ardhi mitslahumnna, yatanazzalul amru bainahunna lita'lamuu annallaaha 'alaa kulli syai-in qadiir, wa annallaaha qad ahaatha bikulli syai-in 'aliimaa.

***). Intisarining sesambetan antawisipun surat Ath Thalaq kalayan surat At Tahrim (Ngaramaken) Makaten:

1. Kakalihipun sami dhawuhaken dhawuhing Allah dhumateng Nabi Muhammad s.a.w. ing perkawis gesang bebrayan ing bale-griya, sarta kulawarga sanak kadang!
2. Ing surat Ath Thalaq dipun sebataken, tindak kautamen mu'asyarah (srawung ing bale griya kalayan tiyang estri) dene ing surat At Tahrim punika nerangaken pinten-pinten kawontenan antawisipun Kanjeng Nabi s.a.w. lan para garwa, sarta kados pundi langkah, tindak tanduking Rasulullah s.a.w. damel maslahat ing sadayanipun, punika dados Sunnah Nabi ingkang wajib katulad dening tiyang Islam saDonya, sabab sadaya dhawuh Syari'at dhumateng Rasulullah punika ateges dhawuh kangge ummat Islam saDonya!

AT TAHRIM (NGARAMAKE)

Surat kaping 66 : 12 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat Al Hujuraat.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

١ - يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ لِمَ تُحَرِّمُ مَآ اَحَلَّ اللّٰهُ لَكَ ۚ تَبْتَغِيْ مَرْضَاتَ اَزْوَاجِكَ ۗ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ○

Yaa ayyuhan nabiyyu lima tuharrimu maa ahallallaahu laka, tabtaghii mardhaata azwaajika, wallaahu ghafuurur rahiim.

1. He Nabi Muhammad! yagene sira ngaramake,[1000] yaiku nyirik barang kang wus dihalalake dening Allah marang sira kabeh, mung karana murih legane para garwanira. Allah iku Gedhe ing pangapuraNe tur Maha Asih.

٢ - قَدْ فَرَضَ اللّٰهُ لَكُمْ تَحِلَّةَ اَيْمَانِكُمْ ۚ وَاللّٰهُ مَوْلٰىكُمْ ۚ وَهُوَ الْعَلِيْمُ الْحَكِيْمُ ○

Qad faradhallaahu lakum tahillata aimaanikum, wallaahu maulaakum wa huwal 'aliimul hakiim.

2. Sanyata Allah wus amajibake marang sira,[1001] sira luwarana anggonira sumpah! Allah paring Sih ing sira, lan Allah iku luwih Nguningani tur Maha Wicaksana.

٣ - وَاِذْ اَسَرَّ النَّبِيُّ اِلٰى بَعْضِ اَزْوَاجِهٖ حَدِيْثًا ۚ فَلَمَّا نَبَّاَتْ بِهٖ وَاَظْهَرَهُ اللّٰهُ عَلَيْهِ عَرَّفَ بَعْضَهٗ وَاَعْرَضَ عَنْ بَعْضٍ ۚ فَلَمَّا نَبَّاَهَا بِهٖ قَالَتْ مَنْ

3. Lan elinga! nalikane Nabi Muhammad ngucap wedi karo saweneh garwane, siti Hafsah, wusana garwane medhar wadi mau, Allah nuli paring weruh marang Nabi Muhammad, manawa wadine diwedhar. Nabi

---

1000) Hadist riwayat saking Bukhari lan Muslim anerangaken bilih Rasulullah s.a.w. nate ngaramaken dhateng slira pribadinipun piyambak ngunjuk maben saperlu damel lega (remen)-nipun para garwa. Tumunten tumurun Ayat punika minangka penget aruh-aruh dhumateng Nabi s.a.w. (Mirsanana surat Al Maaidah ayat 87 - 88).

1001) Sok sintena tiyang sumpah ngaramaken barang halal punika dipun wajibaken ngluwaraken badanipun saking sumpahipun, sarana bayar kaffarat: nyukani tetedhan utawi sandhangan dhateng tiyang miskin sadasa (kados manawi nafakahi kulawarganipun piyambak) utawi mardikakaken satunggal batur tumbasan. (Mirsanana surat Al Maaidah ayat : 89).

Muhammad banjur nutuh marang garwane Siti Hafsah, saweneh anggone medhar wadine, dene saweneh liyane dipuwung. Bareng ana panutuh, garwane matur: "Sinten ingkang maringi pirsa ing panjenengan anggen kula medhar punika?". Pangandikane: "Kang paring warta marang aku, yaiku Allah, Dzat kang Maha Priksa tur Waspada".

أَنبَأَكَ هَٰذَا ۖ قَالَ نَبَّأَنِيَ الْعَلِيمُ الْخَبِيرُ ۝

Wa-idz asarran nabiyyu ilaa ba'dhi azwaajihii hadiitsaa, falammaa nabba-at bihii wa azh-harahullaahu 'alaihi 'arrafa ba'dhahuu wa a'radha 'am ba'dhin, falammaa nabba-ahaa bihii qaalat man amba-aka haadzaa, qaala nabba-aniyal 'aliimul khabiir.

4. He 'Aisyah lan Hafsah! manawa sira sakaloron padha tobat marang Allah, temen Allah bakal nampa tobatira. Satemene atinira sakaloron wus condhong marang nampa kabecikan. Samungguha sira sakaloron lungtinulung anyulayani Nabi kanthi tumindaking prakara kang nyerikake Nabi, sanyata Allah iku kang dadi Kekasihe, lan Malaikat Jibril, lan wong-wong Mu'min kang padha shaleh, aliya iku para Malaikat padha dadi mitrane.

٤ - إِن تَتُوبَا إِلَى اللَّهِ فَقَدْ صَغَتْ قُلُوبُكُمَا ۖ وَإِن تَظَاهَرَا عَلَيْهِ فَإِنَّ اللَّهَ هُوَ مَوْلَاهُ وَجِبْرِيلُ وَصَالِحُ الْمُؤْمِنِينَ ۖ وَالْمَلَائِكَةُ بَعْدَ ذَٰلِكَ ظَهِيرٌ ۝

In tatuubaa ilallaahi faqad shaghat quluubukumaa, wa-in tazhaahara 'alaihi fa-innallaaha huwa maulaahu wa jibriilu wa shaalihul mu'miniin, wal malaa-ikatu ba'da dzaalika zhahiir.

5. Manawa Nabi Muhammad megat ing garwanira kabeh, mbok manawa Allah kepareng paring ijol garwa liyane kang luwih becik, tinimbang sira kabeh, yaiku garwa kang padha sumarah padha iman, padha ngabekti, padha tobat, padha ngibadah, padha mahanucekake marang Allah, randha lan prawan.

٥ - عَسَىٰ رَبُّهُ إِن طَلَّقَكُنَّ أَن يُبْدِلَهُ أَزْوَاجًا خَيْرًا مِّنكُنَّ مُسْلِمَاتٍ مُّؤْمِنَاتٍ قَانِتَاتٍ تَائِبَاتٍ عَابِدَاتٍ سَائِحَاتٍ ثَيِّبَاتٍ وَأَبْكَارًا ۝

'Asaa rabbahuu in thallaqakunna ay yubdi lahuu azwaajan khairam minkunna muslimaatim mu'minaatin qaanitaatin tsaa-ibaatin 'aabidaatin saa-ihaatin tsayyibaatiw wa abkaaraa.

6. He para wong Mu'min kabeh! sira padha ngreksaa awakira dhewe, lan ahlinira saka siksa Neraka kang urub-urube manungsa lan watu. Kang dijaga dening para Malaikat kang kereng lan buteng, ora tau padha nyulayani dhawuhing Allah, ananging padha ngestokake apa kang didhawuhake.

٦ - يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا قُوا أَنفُسَكُمْ وَأَهْلِيكُمْ نَارًا وَقُودُهَا النَّاسُ وَالْحِجَارَةُ عَلَيْهَا مَلَائِكَةٌ غِلَاظٌ شِدَادٌ لَّا يَعْصُونَ اللَّهَ مَا أَمَرَهُمْ وَيَفْعَلُونَ مَا يُؤْمَرُونَ ۝

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu quu anfusakum wa ahliikum naaraw wa quuduhannaasu wal hijaaratu 'alaihaa malaa-ikatun ghilaazhun syidaadul laa ya'shuunallaaha maa amarahum wa yaf'aluuna maa yu'maruun.

Dhawuh jihad lan tobat.

7. Para Malaikat kang anjaga Neraka calathu marang wong kafir: "He para wong kafir kabeh! ing dina saiki sira wus ora perlu ngaturake udzur (persaben). Sanyata sira diwales miturut apa 'amal kang wus sira tindakake!".

٧- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَا تَعْتَذِرُوا۟ ٱلْيَوْمَ ۖ إِنَّمَا تُجْزَوْنَ مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝ ٧

Yaa ayyuhal ladziina kafaruu laa ta'tadzirul yauma, innamaa tujzauna maa kuntum ta'maluun.

8. He para wong Mu'min kabeh! sira padha tobata marang Allah, kalawan tobat kang becik. Muga-muga Allah Pangeranira kapareng nutupi alanira, lan nglebokake sira ana ing Suwarta kang ing ngisore ana kaline mili. Yaiku ing besuk dinane Allah ora gawe asor marang Nabi Muhammad, lan pandhereke para wong Mu'min. Pepadhange wong iku sumorot ana ing sakiwa tengene. Dheweke padha nyenyuwun: "Dhuh Allah Pangeran kula! mugi Paduka nyampurnakaken pepadhang kula, lan mugi Paduka ngapunten ing kula. Saestunipun Paduka punika Maha Kuwaos ing atasipun sadaya barang".

٨- يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ تُوبُوٓا۟ إِلَى ٱللَّهِ تَوْبَةً نَّصُوحًا ۚ عَسَىٰ رَبُّكُمْ أَن يُكَفِّرَ عَنكُمْ سَيِّـَٔاتِكُمْ وَيُدْخِلَكُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ يَوْمَ لَا يُخْزِى ٱللَّهُ ٱلنَّبِىَّ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مَعَهُۥ ۖ نُورُهُمْ يَسْعَىٰ بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَبِأَيْمَٰنِهِمْ يَقُولُونَ رَبَّنَآ أَتْمِمْ لَنَا نُورَنَا وَٱغْفِرْ لَنَآ ۖ إِنَّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ۝ ٨

Yaa ayyuhal ladziina aamanuu tuubuu ilallaahi taubatan nashuuhaa, 'asaa rabbakum ay yukaffira 'ankum sayyi-aatikum wa yud-khilkum jannaatin tajrii min tahtihal anhaaru, yauma laa yukhzil laahun nabiyya walladziina aamanuu ma'ahuu nuuruhum yas'aa baina aidiihim wa bi-aimaanihim yaquuluuna rabbanaa atmim lanaa nuuranaa waghfir lanaa, innaka 'alaa kulli syai-in qadiir.

9. He Nabi, sira merangana para wong kafir lan wong-wong munafik, lan sira kang padha kereng marang wong mau kabeh, dheweke iku kabeh bakal padha manggon ana ing Neraka Jahanam, yaiku ala-alaning pangungsen.

٩- يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِىُّ جَٰهِدِ ٱلْكُفَّارَ وَٱلْمُنَٰفِقِينَ وَٱغْلُظْ عَلَيْهِمْ ۚ وَمَأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ ٱلْمَصِيرُ ۝ ٩

Yaa ayyuhan nabiyyu jaahidil kuffaara wal munaafiqiina waghluzh 'alaihim, wa ma'waahum jahannamu wa bi'sal mashiir.

Sanepane garwa kang becik lan kang ala.

10. Allah andamel upama garwane Nabi Nuh, lan garwane Nabi Luth, tumrap marang wong kafir, wanita loro mau padha kawengku dening kawulanIngsun, wong loro (Nuh

١٠- ضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلًا لِّلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ٱمْرَأَتَ نُوحٍ وَٱمْرَأَتَ لُوطٍ ۖ كَانَتَا تَحْتَ عَبْدَيْنِ مِنْ عِبَادِنَا

lan Luth) kang padha shaleh! Wanita mau banjur cidra ing janji marang garwane, ing wasana garwane ora bisa nylametake awake saka siksane Allah sithik-sithika, lan banjur didhawuhake: "Sira sakaloronira padha mlebua Neraka, bareng karo wong kang padha malebu Neraka!"[1002]

صَالِحَيْنِ فَخَانَتَاهُمَا فَلَمْ يُغْنِيَا عَنْهُمَا مِنَ اللّٰهِ شَيْـًٔا وَّقِيْلَ ادْخُلَا النَّارَ مَعَ الدّٰخِلِيْنَ ۝

Dharaballaahu matsalal lilladziina kafarumra-ata nuuhiw wamra-ata luuthin, kaanataa tahta 'abdaini min 'ibaadinaa shaalihaini fakhaanataahumaa falam yughniyaa 'anhumaa minallaahi syai-an wa qiilad-khulan naara ma'ad daakhiliin.

11. Lan Allah andamel sanepa garwane raja Fir'aun tumrap wong Mu'min kabeh, nalika dheweke nyenyuwun: "Dhuh Allah Pangeran kula! mugi kula Paduka iyasakaken griya wonten ing Suwarga, benjing wonten ing ngarsa dalem Paduka, tuwin kula mugi Paduka wilujengaken saking kalakuanipun raja Fir'aun, lan mugi Paduka wilujengaken saking kaum ingkang nganiaya".

١١- وَضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا لِّلَّذِيْنَ اٰمَنُوا امْرَاَتَ فِرْعَوْنَ اِذْ قَالَتْ رَبِّ ابْنِ لِيْ عِنْدَكَ بَيْتًا فِي الْجَنَّةِ وَنَجِّنِيْ مِنْ فِرْعَوْنَ وَعَمَلِهٖ وَنَجِّنِيْ مِنَ الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ۝

Wa dharaballaahu matsalal lilladziina aamanumra-ata fir'auna idz qaalat rabbibni lii 'indaka baitan fil jannati wa najjinii min fir'auna wa 'amalihii wa najjinii minal qaumizh zhaalimiin.

12. Lan maneh Maryam putra putrine 'Imran, kang wus ngreksa kasucian-kahurmataning Wanita, sarta wus ngandheg, jalaran Ingsun tiyub kalawan Ruh kagunganingsun. Dheweke ngestokake dhawuhe Allah Pangerane., lan Kitab-Kitabe Allah, lan dadi golongane wong kang padha ngabekti marang Allah.

***)

١٢- وَمَرْيَمَ ابْنَتَ عِمْرٰنَ الَّتِيْٓ اَحْصَنَتْ فَرْجَهَا فَنَفَخْنَا فِيْهِ مِنْ رُّوْحِنَا وَصَدَّقَتْ بِكَلِمٰتِ رَبِّهَا وَكُتُبِهٖ وَكَانَتْ مِنَ الْقٰنِتِيْنَ ۝

Wa maryamabnata 'imraanal latii ahshanat farjahaa fanafakhnaa fiihi mir ruuhinaa wa shaddaqat bikalimaatil rabbihaa wa kutubihii wa kaanat minal qaanitiin.

1002) Garwa Nabi ingkang ingkar Agami, boten saged dipun belani dening Nabi saking siksaning Allah ingkang Maha Adil. Kosok wangsulipun garwanipun Raja Fir'aun utawi simahipun tiyang kafir ingkang iman lan amal shaleh, tamtu badhe dipun ganjar Suwarga dening Allah SWT, makaten suraosing ayat: 11 - 12.

***). Intisari sarta interkorelasi (sasambetan ingkang manunggil ancas tujuan) antawisipun surat At Tahrim kalayan surat Al Mulk (kerajan):

1. Wonten ing surat At Tahrim katerangaken bilih Allah SWT Maha Nupiksa ing sadaya wewados ingkang winadosaken, manawi wonten surat Al Mulk dipun gamblangaken bilih Allah Maha Wikan ing sadaya wewados ingkang winadosaken, jalaran Panjenenganipun Allah Maha Wasesa ing Jagadrat pramudita.
2. Ing surat Al Mulk kasebataken bilih Allah Maha Wasesa wau, nyipta gesang lan pejah, lan ugi anitahaken kawontenan ingkang sarwa satimbangan ing telatah jawi angkasa raya, inggih daya tarik-tarikan lan kasaimbangan antawisipun Planit-Planit, Surya, Rembulan lan sanes-sanesipun, lajeng nuwuhaken daya gesang ingkang dinamis sarta barang bakal energi kabetahaning sadaya titah.
3. Surat Al Mulk ugi dipun wastani surat At Tabaarak (Maha Suci).

AL MULK (KERAJAN)

Surat kaping 67 : 30 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Ath Thuur.

JUZ 29

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kerajaning Allah nglimputi karajaning Donya lan Akherat.

1. Wuwuh-wuwuh Kaluhuraning Allah, kang ngasta Karajan, PanjenengaNe iku Kuwasa ing atase kabeh barang.

١ - تَبٰرَكَ الَّذِىْ بِيَدِهِ الْمُلْكُ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَىْءٍ قَدِيْرُ ○

Tabaarakal ladzii biyadihil mulku wa huwa 'alaa kulli syai-in qadiir.

2. Kang wus gawe pati lan urip, saperlu kanggo nyoba sira kabeh, sapa kang luwih becik tumindake. PanjenengaNe Allah iku Maha Mulya tur rena paring pangapura!

٢ - اَلَّذِىْ خَلَقَ الْمَوْتَ وَالْحَيٰوةَ لِيَبْلُوَكُمْ اَيُّكُمْ اَحْسَنُ عَمَلًا ۗ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْغَفُوْرُ ○

Alladzii khalaqal mauta wal hayaata liyabluwakum ayyukum ahsanu 'amalan wa huwal 'aziizul ghafuur.

3. PanjenengaNe kang wus nitahake Langit pitung sap. He Muhammad, sira ndelengna titahe Allah kang Maha Murah, ora ana bedane. Sira ndelengna, apa sira weruh yen Langit iku ana kang benthet? Mesthi ora!

٣ - اَلَّذِىْ خَلَقَ سَبْعَ سَمٰوٰتٍ طِبَاقًا ۗ مَا تَرٰى فِىْ خَلْقِ الرَّحْمٰنِ مِنْ تَفٰوُتٍ ۗ فَارْجِعِ الْبَصَرَ ۙ هَلْ تَرٰى مِنْ فُطُوْرٍ ○

Alladzii khalaqa sab'a samaawaatin thibaaqaa, maa taraa fii khalqir rahmaani min tafaawut, farji'il bashara hal taraa min futhuur.

4. Mara sira andelenga maneh bola-bali, paningalira mesthi bakal tumungkul lingsem kanthi nelangsa!

٤ - ثُمَّ ارْجِعِ الْبَصَرَ كَرَّتَيْنِ يَنْقَلِبْ إِلَيْكَ الْبَصَرُ خَاسِئًا وَّهُوَ حَسِيْرٌ ○

Tsummar-ji'il mashara karrataini yanqalib ilaikal basharu khaasyi-aw wahuwa hasiir.

5. Yekti Ingsun wus maes-maes Langiting Donya kalawan Tanggana (Lintang-lintang) kaya damar. Ingsun anggo ambalangi syetan, lan uga Ingsun nyawisake marang syetan-syetan mau siksa Neraka Sa'ir, kang murub salawase!

٥ - وَلَقَدْ زَيَّنَّا السَّمَآءَ الدُّنْيَا بِمَصَابِيْحَ وَجَعَلْنٰهَا رُجُوْمًا لِّلشَّيٰطِيْنِ وَاَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابَ السَّعِيْرِ ○

Walaqad zayyannas samaa-ad dunyaa bimashaabiiha wa ja'alnaahaa rujuumal lisysyayaathiini wa a'tadnaa lahum 'adzaabas sa'iir.

Wong kafir nandhang sengsaraning siksa ing Akherat.

6. Lan wong kang padha murang-syara', mbalak marang parentahing Allah Pangerane, bakal kasiksa ana ing Neraka Jahanam, yaiku ala-alaning pangungsen.

٦ - وَلِلَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِرَبِّهِمْ عَذَابُ جَهَنَّمَ ۭ وَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ○

Walilladziina kafaruu birabbihim 'adzaabu jahannama wa bi'sal mashiir.

7. Samangsa wong kafir padha dicemplungake ing Neraka, banjur padha krungu suwara pating jlerit, Nerakane umob mumpal-mumpal.

٧ - اِذَآ اُلْقُوْا فِيْهَا سَمِعُوْا لَهَا شَهِيْقًا وَّهِيَ تَفُوْرُ ○

Idzaa ulquu fiihaa sami'uu lahaa syahiiqaw wa hiya tafuur.

8. Awit saka nesu umobe meh-meh bae Neraka mau kaya pecah ambledhos-ambledhosa. Saben-saben wong kafir diglandhang dioncalake sapantha-sapantha, Malaikat jurukuncine pitakon: "Apa sira durung karawuhan Juru-pepeling?".

٨ - تَكَادُ تَمَيَّزُ مِنَ الْغَيْظِ ۭ كُلَّمَآ اُلْقِيَ فِيْهَا فَوْجٌ سَاَلَهُمْ خَزَنَتُهَآ اَلَمْ يَاْتِكُمْ نَذِيْرٌ ○

Takaadu tamayyazu minal ghaiizh, kullamaa ulqiya fiihaa faujun sa-alahum khazanatuhaa alam ya'tikum nadziir.

9. Wangsulane: "Inggih! kula sampun kadhatengan Juru-pepeling, nanging malah kula paiben, sarta ngucap, Allah boten nurunaken punapa-punapa! Boten sanes panjenengan punika kajawi wonten sasar ingkang ageng".

٩ - قَالُوْا بَلٰى قَدْ جَاۗءَنَا نَذِيْرٌ ۙ فَكَذَّبْنَا وَقُلْنَا مَا نَزَّلَ اللّٰهُ مِنْ شَيْءٍ ۚ اِنْ اَنْتُمْ اِلَّا فِيْ ضَلٰلٍ كَبِيْرٍ ○

Qaaluu balaa qad jaa-anaa nadziirun fakadzdzabnaa wa qulnaa maa nazzalallaahu min syai-in in antum illaa fii dhalaalin kabiir.

10. Lan wong-wong kafir mau padha ngucap: "Samungguha aku biyen padha gelem ngrungokake sarta ngestokake, aku mesthi ora kacemplungake Neraka Sa'ir, kang murub salawase!".

١٠ - وَقَالُوا لَوْ كُنَّا نَسْمَعُ أَوْ نَعْقِلُ مَا كُنَّا فِي أَصْحَابِ السَّعِيرِ ۝

Wa qaaluu lau kunnaa nasma'u au na'qilu maa kunnaa fii ash-haabis sa'iir.

11. Wong-wong mau nuli ngakoni kaluputan dosane, adoh banget (nglengkara) wong mau saka Rahmating Allah!

١١ - فَاعْتَرَفُوا بِذَنْبِهِمْ فَسُحْقًا لِأَصْحَابِ السَّعِيرِ ۝

Fa'tarafuu bidzambihim, fasuhqal li-ash-haabis sa'iir.

Paring Sih ganjaraning Allah tumrap wong kang padha Mu'min.

12. Sanyata wong-wong kang padha wedi ing Allah, Pangerane kang ghaib, ora katon ing pancadriyaning manungsa, hiya wong-wong kang kaya mangkono mau bakal pinaringan Pangaksama lan Ganjaran kang agung!

١٢ - إِنَّ الَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ بِالْغَيْبِ لَهُمْ مَغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ كَبِيرٌ ۝

Innal ladziina yakh-syauna rabbahum bil ghaibi lahum maghfiratuw wa ajrun kabiir.

13. Sanajan sira padha guneman lirih utawa sero, iku padha bae, Allah Nupiksani barang kang ana ing sajeroning ati.

١٣ - وَأَسِرُّوا قَوْلَكُمْ أَوِ اجْهَرُوا بِهِ إِنَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ۝

Wa asirruu qaulakum awijharuu bihii innahuu 'aliimum bidzaatish shuduur.

14. Apa hiya Allah kang andamel makhluq ora Nguningani? Mesthi Uninga, PanjenengaNe iku alus ing pamirsaNe, tur Maha Waspada.

١٤ - أَلَا يَعْلَمُ مَنْ خَلَقَ وَهُوَ اللَّطِيفُ الْخَبِيرُ ۝

Alaa ya'lamu man khalaqa, wa huwal lathiiful khabiir.

15. Hiya PanjenengaNe Allah iku kang andadekake Bumi sarwa gampang tumrap sira kabeh, mula sira kabeh padha lumakua ing panjajahaning Bumi, sarta padha mangana rezekiNe Allah, sarta hamung marang

١٥ - هُوَ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ ذَلُولًا فَامْشُوا فِي مَنَاكِبِهَا وَكُلُوا مِنْ رِزْقِهِ وَإِلَيْهِ النُّشُورُ ۝

PanjenengaNe sira disowanake bakda ditangekake saka kubur.

Huwal ladzii ja'ala lakumul ardha dzaluulan famsyuu fii manaakibihaa wa kuluu mir rizqihii wa ilaihin nusyuur.

Wong kang padha kafir diancam dening Allah.

16. He para manungsa! Apa sira wus padha rumangsa aman santosa marang Allah kang Maha Kuwasa ana ing Langit, PanjenengaNe arsa njungkir walikake Bumi bebarengan kalawan sira kabeh sahengga Bumi dumadakan gonjang ganjing?

١٦- ءَأَمِنتُم مَّن فِي السَّمَاءِ أَن يَخْسِفَ بِكُمُ الْأَرْضَ فَإِذَا هِيَ تَمُورُ ۝

A-amintum man fis-samaa-i ay yakhsifa bikumul ardha fa-idzaa hiya tamuur.

17. Utawa, apa sira wus padha rumangsa aman santosa, ora kuwatir, manawa Allah ngrutuk watu ing sira kabeh. Ing besuk sira bakal padha weruh kapriye paring PepelingIngsun iki!

١٧- أَمْ أَمِنتُم مَّن فِي السَّمَاءِ أَن يُرْسِلَ عَلَيْكُمْ حَاصِبًا فَسَتَعْلَمُونَ كَيْفَ نَذِيرِ ۝

Am amintum man fis-samaa-i ay yursila 'alaikum haashibaa, fasata'lamuuna kaifa nadziir.

18. Lan satemene wong-wong kang sadurunge wong kafir Mekkah wus padha maido (Utus-utusaNe), lah ing kono kaya apa kahanane siksanIngsun kang durung tau kinaweruhan.

١٨- وَلَقَدْ كَذَّبَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ۝

Walaqad kadzdzabal ladziina min qablihim fakaifa kaana nakiir.

19. Lan apa dheweke ora padha andeleng manuk pang padha mabur ana ing dhuwure, kalawan megar mingkupe suwiwine? Ora ana kang ngeker awake manuk mau, kajaba Allah kang asipat Maha Murah, sanyata Allah iku Maha Mriksani ing samubarang.

١٩- أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَى الطَّيْرِ فَوْقَهُمْ صَافَّاتٍ وَيَقْبِضْنَ مَا يُمْسِكُهُنَّ إِلَّا الرَّحْمَٰنُ إِنَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ بَصِيرٌ ۝

Awalam yarau ilath thairi fauqahum shaaffaatiw wa yaqbidhna maa yumsikuhunna illar rahmaan, innahuu bikulli syai-im bashiir.

20. Utawa, endi wadyabala semene iki kang bisa nulungi sira kabeh saliyane Allah kang Maha Murah? Ora ana liya wong-wong kafir iku kajaba mung padha kapusan.

٢٠- أَمَّنْ هَٰذَا الَّذِي هُوَ جُندٌ لَّكُمْ يَنصُرُكُم مِّن دُونِ الرَّحْمَٰنِ إِنِ الْكَافِرُونَ إِلَّا فِي غُرُورٍ ۝

Amman haadzal ladzii huwa jundul lakum yanshurukum min duunir rahmaan, inil kaafiruuna illaa fii ghuruur.

21. Utawa, endi wong samene iki kang bisa aweh rezeki ing sira kabeh, manawa Allah ngeker rezeki papariNge? Wong-wong kafir malah padha andluya anggone padha lacut gumedhe lan ngadoh saka Allah?

٢١ - أَمَّنْ هٰذَا الَّذِي يَرْزُقُكُمْ إِنْ أَمْسَكَ رِزْقَهُ ۚ بَلْ لَّجُّوا فِي عُتُوٍّ وَنُفُورٍ ۝

Amman haadzal ladzii yarzuqukum in amsaka rizqahuu bal lajjuu fii 'utuwwiw wa nufuur.

22. Mula, sapa kang luwih oleh Pituduh? Wong kafir kang lumaku tiba kerungkep, apa wong Mu'min kang lumaku jejeg tur ngambah ing dalan kang bener?

٢٢ - أَفَمَن يَمْشِي مُكِبًّا عَلَىٰ وَجْهِهِ أَهْدَىٰ أَمَّن يَمْشِي سَوِيًّا عَلَىٰ صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ۝

Afamay yamsyii mukibban 'alaa wajhihii ahdaa ammay yamsyii sawiyyan 'alaa shiraathim mustaqiim.

23. Muhammad, sira dhawuha: "Hiya PanjenengaNe Allah kang wus anitahake ing sira kabeh, lan maringi pangrungu, paningal, sarta pamikir marang sira kabeh. Sathithik banget anggonira padha syukur ing Allah.

٢٣ - قُلْ هُوَ الَّذِي أَنشَأَكُمْ وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَالْأَفْئِدَةَ ۖ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ۝

Qul huwal ladzii ansya-akum wa ja'ala lakumus sam'a wal abshaara wal af-idata qaliilam maa tasykuruun.

24. Muhammad, sira dhawuha maneh: "PanjenengaNe Allah kang wus anitahake ing sira kabeh ana ing Bumi, lan sira kabeh bakal padha disowanake ngadhep ing ngarsa dalem Allah!".

٢٤ - قُلْ هُوَ الَّذِي ذَرَأَكُمْ فِي الْأَرْضِ وَإِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ۝

Qul huwal ladzii dzara-akum fil ardhi wa ilaihi tuhsyaruun.

25. Wong-wong kafir padha matur, marang Nabi Muhammad: "Benjing punapa kalampahanipun janji/ancaman punika, manawi panjenengan pancen leres?".

٢٥ - وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هٰذَا الْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ۝

Wa yaquuluuna mataa haadzal wa'du in kuntum shaadiqiin.

26. Muhammad, sira dhawuha: "Prekara iku, kang Nguningani mung Allah piyambak, ana dene aku iki mung saderma aweh pepeling kang pratela!".

٢٦ - قُلْ إِنَّمَا الْعِلْمُ عِندَ اللَّهِ وَإِنَّمَا أَنَا نَذِيرٌ مُّبِينٌ ۝

Qul innamal 'ilmu 'indallaahi wa innamaa ana nadziirum mubiin.

27. Bareng wong-wong kafir padha sumurup siksa kang diancamake wus teka! ing kono raine banjur padha katon susah,

٢٧ - فَلَمَّا رَأَوْهُ زُلْفَةً سِيئَتْ وُجُوهُ الَّذِينَ كَفَرُوا وَقِيلَ هٰذَا الَّذِي كُنتُم بِهِ تَدَّعُونَ ۝

lan didhawuhi: "Lah iki siksa kang padha sira suwun enggal kalakone!".

Falammaa ra-auhu zulfatan sii-at wujuhulladziina kafaruu wa qiila haadzal ladzii kuntum bihii tadda'uun.

28. Muhammad, sira dhawuha: "Kapriye panemunira manawa Allah angersakake gawe sirna utawa Ngasihi (bakal nglebokake Suwarga) marang aku sakanca? Sapa kang bisa nylametake wong kafir saka siksa kang nglarani?".

٢٨- قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِنْ أَهْلَكَنِىَ ٱللَّهُ وَمَن مَّعِىَ أَوْ رَحِمَنَا فَمَن يُجِيرُ ٱلْكَٰفِرِينَ مِنْ عَذَابٍ أَلِيمٍ ۝

Qul ara-aitum in ahlakaniyal-laahu waman ma'iya au rahimanaa famay yujiirul kaafiriina min 'adzaabin aliim.

29. Muhammad, sira dhawuha maneh : "PanjenengaNe Allah kang Maha Murah, aku sakanca wus padha iman lan sumarah tawakkal marang PanjenengaNe, sira bakal sumurup dhewe, sapa sanyatane wong kang ana ing sasar?".

٢٩- قُلْ هُوَ ٱلرَّحْمَٰنُ ءَامَنَّا بِهِۦ وَعَلَيْهِ تَوَكَّلْنَا ۖ فَسَتَعْلَمُونَ مَنْ هُوَ فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ۝

Qul huwar rahmaanu aamannaa bihii wa 'alaihi tawakkalnaa, fasata'lamuuna man huwa fii dhalaalim mubiin.

30. Muhammad, sira dhawuha: "Kapriye panemunira manawa banyu kang padha sira angsoni iku asat, sapa kang bisa nekakake banyu kang lumintu mili (manfa'at) kanggo sira kabeh?".

٣٠- قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِنْ أَصْبَحَ مَآؤُكُمْ غَوْرًا فَمَن يَأْتِيكُم بِمَآءٍ مَّعِينٍ ۝

Qul ara-aitum in ash-baha maa-ukum ghauran famay ya'tikum bimaa-im ma'iin

***)

***). Sasambetan ingkang manunggil ancas tujuan sarta intisari saking surat Al Mulk lan surat Al Qalam (Gagang pen):

1. Ing surat Al Mulk dhawuhing Allah SWT dhumateng para manungsa, supaya **marsudi ing kawruh**, sarta ambudi daya kamanfa'atan saageng-agengipun saking paniti priksa utawi **riset Nasional** ing telatah Nusantara ingkang dados amanat Pangeran dhumateng Bangsa lan Negara, anuju margining Pambangunan rakyat semesta. Ingkang makaten wau supados Rakyat gampil ngupados panggesangan, lajeng nyuburaken ummat manungsa ingkang **mangertos syukur ing Pangeran Allah**, Pangeraning sadaya Alam Jagad Raya!

2. Wonten ing surat Gagang Pen (Al Qalam) nerangaken bilih Nabi Muhammad s.a.w. punika sanes tiyang ewah, ananging tiyang ingkang luhur budi pakertinipun. Allah boten marengaken tiyang Islam toleransi ing bab Kaimanan, ananing kenging wonten bab bebrayan kaDonyan, inggih punika gesang rukun dhame ing sasami-sami ummat Agami. Makaten ugi boten pareng andherek tiyang ingkang dipun cacad dening Allah sipat lan tindak tandukipun, lan tepa tuladha ahli pakebunan ingkang boten syukur ing Pangeran, sarta nerangaken bilih Kitab Suci Al Quraan punika dados Pandom lan Pepadhang tumrap Ummat Manungsa.

AL QALAM (GAGANG PEN)

Surat kaping 68 : 52 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 17 tekan 33 sarta ayat 48 tekan 50 kawahyokake ana ing Madinah, Tumurun sawuse surat Al 'Alaq.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Nun (Hamung Allah pribadi kang Nupiksa ing maksude). Demi gagang pen! Lan demi tulisan kang ditulis!

١ - نٓ وَالْقَلَمِ وَمَا يَسْطُرُوْنَ ۝

Nuun walqalami wamaa yas-thuruun.

2. Atas Berkah paring kani'mataning Allah ing sira! Sira iku dudu wong owah 'akale.

٢ - مَآ اَنْتَ بِنِعْمَةِ رَبِّكَ بِمَجْنُوْنٍ ۝

Maa anta bini'mati rabbika bimajnuun.

3. Lan sayekti sira iku bakal nampa ganjaran kang tanpa pedhot-pedhot.

٣ - وَاِنَّ لَكَ لَاَجْرًا غَيْرَ مَمْنُوْنٍ ۝

Wa-inna laka la-ajran ghaira mamnuun.

4. Lan satemene sira iku kadunungan bebuden luhur kang agung!

٤ - وَاِنَّكَ لَعَلٰى خُلُقٍ عَظِيْمٍ ۝

Wa innaka la'alaa khuluqin 'azhiim.

5. Mula, ing tembe sira bakal weruh, lan wong kafir hiya padha weruh dhewe-dhewe.

٥ - فَسَتُبْصِرُ وَيُبْصِرُوْنَ ۝

Fasatubshiru wa yubshiruun.

6. Sapa sejatine kang duwe lara owah iku?.

٦ - بِاَيِّيْكُمُ الْمَفْتُوْنُ ۝

Bi-ayyikumul maf-tuun.

7. Lan satemene Allah Pangeranira Nguningani wong kang sasar saka dalane, lan PanjenengaNe Nguningani wong kang oleh pituduh.

٧ - إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِمَنْ ضَلَّ عَنْ سَبِيلِهِ وَهُوَ أَعْلَمُ بِالْمُهْتَدِينَ ○

Inna rabbaka huwa a'lamu biman dhalla 'an sabiilihii wa huwa a'lamu bil muhtadiin.

8. Muhammad, sira aja manut miturut wong kang maido ing Quraan!

٨ - فَلَا تُطِعِ الْمُكَذِّبِينَ ○

Falaa tuthi'il mukadzdzibiin.

9. Dheweke iku padha seneng manawa sira iku laku lamis,[1003] dheweke banjur melu lelamisan.

٩ - وَدُّوا لَوْ تُدْهِنُ فَيُدْهِنُونَ ○

Wadduu lau tud-hinu fayud-hinuun.

10. Lan sira aja manut sarupane wong tukang sumpah, tur ina!

١٠ - وَلَا تُطِعْ كُلَّ حَلَّافٍ مَهِينٍ ○

Walaa tuthi' kulla hallaafim mahiin.

11. Wong kang gawene tansah dhemen nacat, tur tumbak cucukan!

١١ - هَمَّازٍ مَشَّاءٍ بِنَمِيمٍ ○

Hammaazim masysyaa-im binamiim.

12. Suthik nindakake kabecikan, wani nglanggar angger-angger, tur akeh dosane!

١٢ - مَنَّاعٍ لِلْخَيْرِ مُعْتَدٍ أَثِيمٍ ○

Mannaa'il lil-khairi mu'tadin atsiim.

13. Dheweke iku wong kasar bekasakan, misuwur ngaku-aku tedhak turune wong luhur, nyatane kaloka wong ala!

١٣ - عُتُلٍّ بَعْدَ ذَٰلِكَ زَنِيمٍ ○

'Utullim ba'da dzaalika zaniim.

14. Dupeh wong mau sugih bandha lan anak![1004]

١٤ - أَنْ كَانَ ذَا مَالٍ وَبَنِينَ ○

An kaana dzaa maaliw wa baniin.

1003) Tegesipun sikep moderat boten kereng utawi sikep empuk boten atos. Dados punika sabangsa sikeping jiwa (mental)ipun tiyang dhateng kayakinan Agami.

1004) Kaprahipun tiyang ingkang sugih anak utawi sugih bandha punika gadhah daya penarik (simpati saking umum) lan kathah pendherekipun. Dene manawi sifatipun kados mentalipun tiyang ingkang kasebat ing ayat: 10-13 punika sakedhik ingkang ndherek, mbok manawi manawi pilihan lurah sakedhik ingkang nyoblos!

15. Manawa dheweke diwacakake Ayat-Ingsun banjur ngucap: "Quraan iku gegorohane wong kuna!".

١٥ - إِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِ آيَاتُنَا قَالَ أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ○

Idzaa tut-laa 'alaihi aayaatunaa qaala asaathiirul awwaliin.

16. Dheweke bakal Ingsun tengeri dhewe, cacad ana ing tlalene.[1005]

١٦ - سَنَسِمُهُ عَلَى الْخُرْطُومِ ○

Sanasimuhuu 'alal khurthuum.

Cobaning Allah tumrap wong kafir kaya kang kapatrapake marang wong kang darbeni kebon.

17. Ingsun wus nyoba marang wong-wong mau, kaya anggonIngsun nyoba marang wong kang padha duwe pakebonan nalika padha sumpah arep mruput anggone ngundhuhi woh-wohan.

١٧ - إِنَّا بَلَوْنَاهُمْ كَمَا بَلَوْنَا أَصْحَابَ الْجَنَّةِ إِذْ أَقْسَمُوا لَيَصْرِمُنَّهَا مُصْبِحِينَ ○

Innaa balaunaahum kamaa balaunaa ash-haabal jannati idz aqsamuu layashrimunnahaa mush-bihiin.

18. Dheweke ora padha gelem sumendhe marang karsaNing Allah.[1006]

١٨ - وَلَا يَسْتَثْنُونَ ○

Walaa yastats-nuun.

19. Ing wusana Allah Pangeranira nurunake bilahi kang nglimputi ngrusak kebon mau ing wayahe wong padha turu.

١٩ - فَطَافَ عَلَيْهَا طَائِفٌ مِنْ رَبِّكَ وَهُمْ نَائِمُونَ ○

Fathaafa 'alaihaa thaa-ifum mir rabbika wahum naa-imuun.

20. Satemah uwit ing kebone mau kaya wayah wengi kang peteng ndhedhet (mentas ditegori).[1007]

٢٠ - فَأَصْبَحَتْ كَالصَّرِيمِ ○

Fa-ash-bahat kash-shariim.

21. Wong kang darbeki pakebonan mau esuk-esuk wus padha ngundang kanca-kancane.

٢١ - فَتَنَادَوْا مُصْبِحِينَ ○

Fatanaadau mush-bihiin.

1005) Maksudipun irung, dados ing riki ateges nginakaken!

1006). Artosipun boten purun nyisihaken woh-wohan wau kangge hakipun fakir-miskin (boten purun dedana utawi sedhekah).

1007). Pakebonan wau kabesmen telas gusis dados areng katingal cemeng sadaya, tegesipun telas kados nembe dipun tegori sadaya!

22. Tembunge: "Ayo padha mruput marang pakebonanira ngundhuhi wohing witwitan".

٢٢ - أَنِ اغْدُوا عَلَىٰ حَرْثِكُمْ إِن كُنتُمْ صَٰرِمِينَ ۝

Anigh-duu 'alaa hartsikum an kuntum shaarimiin.

23. Wong-wong mau banjur padha budhal karo apdha bebisikan siji lan liyane.

٢٣ - فَانطَلَقُوا وَهُمْ يَتَخَافَتُونَ ۝

Fanthalaquu wahum yatakhaafatuun.

24. "Ing dina iki, aja nganti ana wong miskin bisa mlebu menyang ing pakebonane"

٢٤ - أَن لَّا يَدْخُلَنَّهَا الْيَوْمَ عَلَيْكُم مِّسْكِينٌ ۝

Allaa yad-khulannahal yauma 'alaikum miskiin.

25. Lan wong-wong mau wus kalakon bisa budhal esuk-esuk sarana niyat nyegah wong miskin melu mlebu, ing mangka dheweke iku bisa nulungi wong miskin.

٢٥ - وَغَدَوْا عَلَىٰ حَرْدٍ قَٰدِرِينَ ۝

Wa ghadau 'alaa hardin qaadiriin.

26. Bareng dheweke wus padha weruh pakebonane, wit-wite wis resik ora ana woh-wohane, padha ngucap: "Satemene kita iki wong kang sasar, kelangan gedhen temenan!".

٢٦ - فَلَمَّا رَأَوْهَا قَالُوا إِنَّا لَضَآلُّونَ ۝

Falammaa ra-auhaa qaaluu innaa ladhaalluun.

27. "Balik, kita iki dialang-alangi ngundhuh wohe!".[1008]

٢٧ - بَلْ نَحْنُ مَحْرُومُونَ ۝

Bal nahnu mahruumuun.

28. Wong kang duwe wawasan bener ngucap: "Apa aku durung ngelingake marang kowe, mbokya kowe padha maha nucekake asma Allah".[1009]

٢٨ - قَالَ أَوْسَطُهُمْ أَلَمْ أَقُل لَّكُمْ لَوْلَا تُسَبِّحُونَ ۝

Qaala ausathuhum alam aqul lakum laulaa tusabbihuun.

29. Wong-wong iku nuli padha ngucap: "Maha Suci Allah Pangeran kita, sayektosipun kita punika sami nganiaya".

٢٩ - قَالُوا سُبْحَٰنَ رَبِّنَآ إِنَّا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ۝

Qaaluu subhaana rabbinaa innaa kunnaa zhaalimiin.

1008) Piyambakipun sami nyriosaken manawi kapitunan ageng, sasampunipun anyumerepi kanyatan (realitas) bilih kebonipun telas-telasan, woh lan witipun amblas risak sadaya.

1009). Maksudipun nucekaken asma Allah punika syukur ni'mat peparingipun Allah sarta boten niyat salugut pinara pitu badhe duraka dhawuhing Allah, kadosta gadhah seja boten nyukani tiyang boten gadhah (fakir-miskin).

30. Wong-wong mau saweneh karo liyane nuli padha tutuh-tutuhan.

٣٠ - فَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَلَاوَمُونَ ۝

Fa-aqbala ba'dhuhum 'alaa ba'dhiy yata-laawamuun.

31. Pangucape: "Wadhuh cilaka! awakku, temen aku wis padha lacut tindakku.

٣١ - قَالُوا يَا وَيْلَنَا إِنَّا كُنَّا طَاغِينَ ۝

Qaaluu yaa wailanaa innaa kunnaa thaaghiin.

32. Muga-muga Allah Pangeranku paring gegenti kang luwih becik tinimbang pa-kebonan mau, satemene aku dhemen bali marang Allah Pangeranku!".

٣٢ - عَسَىٰ رَبُّنَا أَنْ يُبْدِلَنَا خَيْرًا مِنْهَا إِنَّا إِلَىٰ رَبِّنَا رَاغِبُونَ ۝

'Asaa rabbanaa ay yubdilanaa khairam minhaa innaa ilaa rabbinaa raaghibuun.

33. Kaya mangkono iku siksaning Allah, ana ing Donya,[1010] lan temen siksa ing Akherat iku luwih abot manawa wong-wong mau padha mangerti.

٣٣ - كَذَٰلِكَ الْعَذَابُ ۖ وَلَعَذَابُ الْآخِرَةِ أَكْبَرُ ۚ لَوْ كَانُوا يَعْلَمُونَ ۝

Kadzaalikal 'adzaabu wa la'adzaabul aakhirati akbaru lau kaanuu ya'lamuun.

Allah ora ngersakake wong becik padha karo wong ala!

34. Sayekti wong kang padha taqwa ing Allah bakal nampa ganjaran Suwarga Na'im ana ing ngarsa dalem Allah Pangerane.

٣٤ - إِنَّ لِلْمُتَّقِينَ عِنْدَ رَبِّهِمْ جَنَّاتِ النَّعِيمِ ۝

Inna lil muttaqiina 'inda rabbihim jannaatin na'iim.

35. Apa hiya Ingsun nganggep wong Muslimin iku kaya dene wong kang padha duraka?[1011]

٣٥ - أَفَنَجْعَلُ الْمُسْلِمِينَ كَالْمُجْرِمِينَ ۝

Afanaj'alul muslimiina kal mujrimiin.

36. Sabab apa sira padha gawe hukum dhewe?

٣٦ - مَا لَكُمْ كَيْفَ تَحْكُمُونَ ۝

Maa lakum fakaifa tah-kumuun.

1010) Para warga ing Mekkah ingkang dipun teter mentalipun wau akhiripun angrumaosi salahipun, insaf lan gemruduk mlebet Islam sasampunipun Futuh Mekkah (kamenangan lumebet Mekkah), makaten suraosipun ayat: 17-33.

1011) Ing bab ganjaran utawi pituwasipun amal piyambak-piyambak.

37. Utawa, apa sira padha duwe Kitab, kang diturunake dening Allah, kang tansah sira waca lan sira kaji?

٣٧ - أَمْ لَكُمْ كِتَٰبٌ فِيهِ تَدْرُسُونَ ۝

Am lakum kitaabun fiihi tad-rusuun.

38. Sanyata sira bisa milih ing Kitab mau, apa kang sira senengi tumrap sira.

٣٨ - إِنَّ لَكُمْ فِيهِ لَمَا تَخَيَّرُونَ ۝

Inna lakum fiihi lamaa takhayyaruun.

39. Utawa, sira duwe akad perjanjian kang kudu Ingsun tetepi, nganti tumeka ing dina Qiyamat, kang anjanjekake kaya hukum kang sira tetepake, (padha karo wong kafir ana ing Akherat).

٣٩ - أَمْ لَكُمْ أَيْمَٰنٌ عَلَيْنَا بَٰلِغَةٌ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَٰمَةِ إِنَّ لَكُمْ لَمَا تَحْكُمُونَ ۝

Am lakum aimaanun 'alainaa baalighatun ilaa yaumil qiyaamati inna lakum lamaa tah-kumuun.

40. Muhammad, wong kafir iku takonana: "Sapa kang nanggung benere hukumira kang mangkono iku?".

٤٠ - سَلْهُمْ أَيُّهُم بِذَٰلِكَ زَعِيمٌ ۝

Salhum ayyuhum bidzaalika za'iim.

41. Utawa, wong kafir apa duwe kanca/golongan kang padha karo panemune, mara padha nekakna kanca-kanca/golongan mau, manawa bener dheweke iku padha temem.

٤١ - أَمْ لَهُمْ شُرَكَآءُ فَلْيَأْتُوا۟ بِشُرَكَآئِهِمْ إِن كَانُوا۟ صَٰدِقِينَ ۝

Am lahum syurakaa-u falya'tuu bi-syurakaa-ihim in kaanuu shaadiqiin.

42. Besuk ana ing dina Qiyamat, kancane wong-wong padha kabukak katon wentise sarta padha katimbalan sujud, temahan ora bisa tumungkul sujud.[1012)]

٤٢ - يَوْمَ يُكْشَفُ عَن سَاقٍ وَيُدْعَوْنَ إِلَى السُّجُودِ فَلَا يَسْتَطِيعُونَ ۝

Yauma yuksyafu 'an saaqiw wa yud'auna ilas sujuudi falaa yastathii'uun.

43. Paningale padha tumungkul, lan katutupan ing lingsem, jalaran nalika isih slamet ana ing Donya, padha dikon tunduk, ora padha gelem!

٤٣ - خَٰشِعَةً أَبْصَٰرُهُمْ تَرْهَقُهُمْ ذِلَّةٌ ۖ وَقَدْ كَانُوا۟ يُدْعَوْنَ إِلَى السُّجُودِ وَهُمْ سَٰلِمُونَ ۝

Khaasyi'atan abshaaruhum tarhaquhum dzillatun waqad kaanuu yud'auna ilas sujuudi wahum saalimuun.

1012). Ing dinten Qiyamat titiyang ingkang sami cincing ngantos katingal wentisipun punika jalaran sami ajrih sanget lan badhe mlajar sabab horeging situasi, inggih punika titiyang ingkang sami tumindak dosa! Piyambakipun kadhawuhan sami sujud, boten saged sujud sabab sampun kekes badanipun lan ros-rosanipun balung sampun boten kuwawi punapa-punapa, jalaran kinepung wakul binaya mangap dening siksaning Neraka Jahanam.

44. Muhammad, sira togna bae! wong kang maido Quraan iki, sumanggakna marang Ingsun. Dheweke padha Ingsun lulu, nuli Ingsun siksa ngeget, kang padha ora weruh tekane siksa mau!

٤٤ - فَذَرْنِي وَمَنْ يُكَذِّبُ بِهٰذَا الْحَدِيثِ سَنَسْتَدْرِجُهُمْ مِنْ حَيْثُ لَا يَعْلَمُونَ ۝

Fadzarnii wamay yukadzdzibu bihaadzal hadiitsi, sanastad-rijuhum min haitsu laa ya'lamuun.

45. Wong-wong iku isih padha Ingsun Sumenekake. Satemene tatrapanIngsun iku wuled!

٤٥ - وَأُمْلِي لَهُمْ إِنَّ كَيْدِي مَتِينٌ ۝

Wa umlii lahum, inna kaidii matiin.

46. Utawa, apa sira Muhammad anjaluk bayaran marang wong-wong mau, wusana banjur padha kabotan amarga saka dheweke padha hutang.

٤٦ - أَمْ تَسْأَلُهُمْ أَجْرًا فَهُمْ مِنْ مَغْرَمٍ مُثْقَلُونَ ۝

Am tas-aluhum ajran fahum mim maghramim mutsqaluun.

47. Utawa, apa anggone padha kabotan iku amarga saka dheweke weruh barang ghaib ing Lauhil Mahfuzh, banjur dheweke nulis (apa kang dheweke netepake?).

٤٧ - أَمْ عِنْدَهُمُ الْغَيْبُ فَهُمْ يَكْتُبُونَ ۝

Am 'indahumul ghaibu fahum yaktubuun.

48. Mula, sira Muhammad disabar bae, ngentenana hukuming Allah Pangeranira. Lan sira aja kaya dene lelakone Yunus kang diuntal iwak Segara, nalika dheweke donga ngadhuh-adhuh, karo prihatin susah.

٤٨ - فَاصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ وَلَا تَكُنْ كَصَاحِبِ الْحُوتِ إِذْ نَادَىٰ وَهُوَ مَكْظُومٌ ۝

Fashbir lihukmi rabbika walaa takun kashaahibil huuti idz naadaa wahuwa makzhuum.

49. Samungguha dheweke ora kaparingan pitulung kalawan ni'mating Allah Pangerane, yekti dheweke kabuncang ana ing papan kang bera lan diedohake.

٤٩ - لَوْلَا أَنْ تَدَارَكَهُ نِعْمَةٌ مِنْ رَبِّهِ لَنُبِذَ بِالْعَرَاءِ وَهُوَ مَذْمُومٌ ۝

Laulaa an tadaarakahuu ni'matam mirrabbihii lanubidza bil 'araa-i wahuwa madzmuum.

50. Ing wusana Allah Pangerane Nabi Yunus kapareng miji maneh, dheweke digolongake para Nabi kang shaleh-shaleh!

٥٠ - فَاجْتَبَاهُ رَبُّهُ فَجَعَلَهُ مِنَ الصَّالِحِينَ ۝

Fajtabaahu rabbuhuu faja'alahuu minash shaalihiin.

51. Lan satemene wong-wong kafir iku meh bae malesetake sira Muhammad, kalawan pandelenge,[1013] yaiku nalika dheweke padha krungu Quraan lan padha ngucap: "Sanyata Muhammad iku wong edan!".

٥١ - وَإِن يَكَادُ الَّذِينَ كَفَرُوا لَيُزْلِقُونَكَ بِأَبْصَارِهِمْ لَمَّا سَمِعُوا الذِّكْرَ وَيَقُولُونَ إِنَّهُ لَمَجْنُونٌ ۘ

Wa-iy yakaadul ladziina kafaruu layuzliquunaka bi-abshaarihim lammaa sami'udzdzikra wa yaquuluuna innahuu lamajnuun.

52. Ora liya Quraan iku, kajaba kanggo pepeling marang ummat manungsa!

٥٢ - وَمَا هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعَالَمِينَ ۘ

Wamaa huwa illaa dzikrul lil'aalamiin.

***)

1013) Ing jaman Jahiliyah Arab, manawi tiyang gadhah kasagedan saged mandeng tiyang sanes kalayan manther (ing jaman sapunika hypnotisme) punika gadhah maksud awon supados tiyang ingkang dipun pandeng wau lajeng ewah akalipun. Makaten kadadosan ingkang katamakaken ing sariranipun Kanjeng Nabi s.a.w. maksud awon wau cabar jalaran kareksa dening Allah SWT wilujeng boten kirang satunggal punapa. Kados dhawuh pangandikanipun Allah ing surat Al Maaidah ayat: 67, ingkang maksudipun Gusti Allah ingkang tansah rumeksa njagi kawilujenganipun Rasulullah s.a.w. saking piawonipun tiyang ingkang gadhah maksud awon.

***). Manunggil ancas tujuan saking surat Al Qalam lan surat Al Haaqqah (Dinten Qiyamat) sarta intisarinipun:
1. Wonten ing surat Al Qalam anerangaken bilih titiyang ingkang maiben ing Quraan kaancam dening siksa, dene wonten ing surat Al Haaqqah katerangaken manawi titiyang jaman kina ingkang maiben ing Rasul ugi dipun ancam dening siksa Donya ingkang warni-warni, makaten ugi ing Akherat benjing.
2. Manawi surat Al Qalam anerangaken dinten Akherat sarana garis ageng ingkang pokok, nanging ing surat Al Haaqqah sawatawis pilah-pilah kaṭeranganipun.
3. Ing surat Al Qalam panjenenganipun Kanjeng Nabi s.a.w. dipun kadakwa ewah akalipun dening titiyang musyrik, Allah SWT sampun ambantah. Manawi wonten ing surat Al Haqqah panjenenganipun kadakwa ahli sya'ir, ugi sampun kabantah dakwaan puṇika.

AL HAQQAH (DINA QIYAMAT)

Surat kaping 69 : 52 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Mulk.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Dina Qiyamat.

١ - اَلْحَآقَّةُ ۝

Al-haaqqah.

2. Apata dina Qiyamat iku?

٢ - مَا الْحَآقَّةُ ۝

Mal-haaqqah.

3. Apa kang ngertekake sira Muhammad, dina Qiyamat iku?

٣ - وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الْحَآقَّةُ ۝

Wamaa ad-raaka mal-haaqqah.

4. Kaume Tsamud lan 'Aad wus padha maido ing dina Qiyamat iku.[1014]

٤ - كَذَّبَتْ ثَمُوْدُ وَعَادٌ بِالْقَارِعَةِ ۝

Kadzdzabat tsamuudu wa 'aadum bil qaari'ah.

5. Dene kaum Tsamud iku wus tinumpes kalawan bilahi kang ngebat-ebati.[1015]

٥ - فَاَمَّا ثَمُوْدُ فَاُهْلِكُوْا بِالطَّاغِيَةِ ۝

Fa-ammaa tsamuudu fa-uhlikuu bith-thaaghiyah.

1014). Kados kaweca ing ayat: 1 tetembungan "Al Haaqqah" punika tegesipun **ingkang tamtu kadosan**, dene dinten Qiyamat kasebat Al Haaqqah punika ateges ingkang nggegirisi, **sabab pancen kasinggihan** dinten Qiyamat punika kancen damel girising manah.

1015) **"Ath Thaaghiyah"** punika tegesipun suwantening **biedheg** ingkang saged **ngrisak nyirnaken** punapa kemawon ingkang wonten. Langkung hebat tinimbang bom-atoom ingkang ngebom ing Hiroshima (Jepang), suwantenipun lan daya pangrisakipun! Wallaahu a'lam.

٦ - وَأَمَّا عَادٌ فَأُهْلِكُوا بِرِيحٍ صَرْصَرٍ عَاتِيَةٍ ۝

Wa-ammaa 'aadun fa-uhlikuu bi:iihin sharsharin 'aatiyah.

6. Dene kaum 'Aad tinumpes kalawan angin gedhe.

٧ - سَخَّرَهَا عَلَيْهِمْ سَبْعَ لَيَالٍ وَثَمَانِيَةَ أَيَّامٍ ۙ حُسُومًا فَتَرَى الْقَوْمَ فِيهَا صَرْعَىٰ كَأَنَّهُمْ أَعْجَازُ نَخْلٍ خَاوِيَةٍ ۝

Sakhkharahaa 'alaihim sab'a layaaliw wa tsamaaniyata ayyaamin husuuman fataral qauma fiihaa shar'aa ka-annahum a'jaazu nakhlin khaawiyah.

7. Allah wus ngutus angin gedhe marang kaum 'Aad mau ing sajeroning pitung bengi, wolung dina kang ngidid prahara mau terus-terusan. Sira andeleng wong-wong mau padha mati anjejer, kaya klonthongane wit kurma.

٨ - فَهَلْ تَرَىٰ لَهُمْ مِنْ بَاقِيَةٍ ۝

Fahal taraa lahum mim baaqiyah.

8. "Apa sira sumurup kancane kaum 'Aad kang kari, ora katut kasiksa?[1016]

٩ - وَجَاءَ فِرْعَوْنُ وَمَنْ قَبْلَهُ وَالْمُؤْتَفِكَاتُ بِالْخَاطِئَةِ ۝

Wa jaa-a fir'aunu waman qablahuu wal-mu'tafikaatu bil-khaathi-ah.

9. Lan teka raja Fir'aun lan wong-wong kuna sadurunge, lan wong kang padha dedunung ing Negara Mu'tafikah, kaume Luth, kang padha jungkir-balik mati anggejejer sabab tumindake luput gedhe!

١٠ - فَعَصَوْا رَسُولَ رَبِّهِمْ فَأَخَذَهُمْ أَخْذَةً رَابِيَةً ۝

Fa'ashau rasuula rabbihim fa-akhadzahum akh-dzatar raabiyah.

10. Yaiku padha duraka marang Utusaning Allah Pangerane, ing wusana PanjenengaNe Allah matrapi ing wong-wong iku kabeh kalawan siksa kang kaliwat-liwat rekasane.

١١ - إِنَّا لَمَّا طَغَى الْمَاءُ حَمَلْنَاكُمْ فِي الْجَارِيَةِ ۝

Innaa lammaa thaghal maa-u hamalnaakum fil jaariyah.

11. Sayekti bareng banyune ambaludag, sira Nuh sapendhereke banjur Ingsun lebokake ana ing prahu.

١٢ - لِنَجْعَلَهَا لَكُمْ تَذْكِرَةً وَتَعِيَهَا أُذُنٌ وَاعِيَةٌ ۝

Linaj'alahaa lakum tadzkirataw wa ta'iyahaa udzunuw waa'iyah.

12. Perlu Ingsun andadekake minangka pepelingira, lan supaya kaprungu ing kupinge wong kang padha gelem ngrungokake.

1016). Kaum 'Aad ingkang dipun sirnakaken dening siksa punika ngantos tuntas gusis, boten wonten malih katurunan saking kaum 'Aad.

Lelakon anggegirisi besuk ing dinaning Qiyamat.

13. Nalika sangkakala wus disebul sapisan dening Malaikat Israfil.

١٣ - فَإِذَا نُفِخَ فِي الصُّورِ نَفْخَةٌ وَاحِدَةٌ ۝

Fa-idzaa nufikha fish-shuuri naf-khatuw waahidah.

14. Lan Bumi sarta Gunung-Gunung diangkat banjur tabrakan, wusana ajur mumur!

١٤ - وَحُمِلَتِ الْأَرْضُ وَالْجِبَالُ فَدُكَّتَا دَكَّةً وَاحِدَةً ۝

Wa humilatil ardhu wal jibaalu fadukkataa dakkataw waahidah.

15. Mula ing dina iku wus kelakon Qiyamat.

١٥ - فَيَوْمَئِذٍ وَقَعَتِ الْوَاقِعَةُ ۝

Fayauma-idziw waqa'atil waaqi'ah.

16. Uga ing dina iku Langit padha pecah jalaran wus dadi ringkih.

١٦ - وَانْشَقَّتِ السَّمَاءُ فَهِيَ يَوْمَئِذٍ وَاهِيَةٌ ۝

Wasysyaqqatis samaa-u fahiya yaumaidziw waahiyah.

17. Para Malaikat padha tata baris andher ana pajajahaning Langit, lan ana maneh Malaikat wolu kang pangkate ngungkuli liyane, ing dina iku padha kajibah mikul 'Arsy kagungan dalem Allah Pangeranira.

١٧ - وَالْمَلَكُ عَلَىٰ أَرْجَائِهَا ۚ وَيَحْمِلُ عَرْشَ رَبِّكَ فَوْقَهُمْ يَوْمَئِذٍ ثَمَانِيَةٌ ۝

Wal malaku 'alaa arjaa-ihaa, wa yahmilu 'arsya rabbika fauqahum yaumaidzin tsamaaniyah.

18. Ing dina iku sira kabeh padha disebarke ana ngarsa dalem Allah, ora ana siji-sijiya kang kasilapan (kasingsal) saka sira kabeh (mungguhing Allah).

١٨ - يَوْمَئِذٍ تُعْرَضُونَ لَا تَخْفَىٰ مِنكُمْ خَافِيَةٌ ۝

Yauma-idzin tu'radhuuna laa takhfaa minkum khaafiyah.

Sangating manungsa dihisab ing dina Qiyamat lan lelakon sawuse.

19. Ana dene wong kang padha diwenehi Kitab cathethan amale nganggo tangan tengen, nuli ngucap: "He mitra kabeh! ayo padha maca Kitabku iki.

١٩ - فَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَابَهُ بِيَمِينِهِ فَيَقُولُ هَاؤُمُ اقْرَءُوا كِتَابِيَهْ ۝

Fa-ammaa man uutiya kitaabahuu biyamiinihii fayaquulu haa-umuqra'uu kitaabiyah.

20. Satemene aku wus ngira manawa aku mesthi bakal seba ana dina papriksan iki!

٢٠ - إِنِّي ظَنَنتُ أَنِّي مُلَاقٍ حِسَابِيَهْ ۝

Innii zhanantu annii mulaaqin hisaabiyah.

21. Wong iku oleh panguripan kang sarwa gawe lego.

٢١ - فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَّاضِيَةٍ ۝

Fahuwa fii 'iisyatir raadhiyah.

22. Ing sajeroning Suwarga kang magrong-magrong dhuwur!

٢٢ - فِي جَنَّةٍ عَالِيَةٍ ۝

Fii jannatin 'aaliyah.

23. Woh-wohane rundhuk cedhak-nyangklek!

٢٣ - قُطُوفُهَا دَانِيَةٌ ۝

Quthuufuhaa daaniyah.

24. Pangandikaning Allah: "Sira padha mangana, lan ngombea kalawan eca sakeca, minangka ganjarane tumindakira ana ing dina kang wus kapungkur ana ing Donya.

٢٤ - كُلُوا وَاشْرَبُوا هَنِيئًا بِمَا أَسْلَفْتُمْ فِي الْأَيَّامِ الْخَالِيَةِ ۝

Kuluu wasyrabuu hanii-am bimaa aslaftum fil ayyaamil khaaliyah.

25. Ana dene wong kang padha diwenehi Kitab cathethan amale nganggo tangan kiwa, nuli ngucap: "Cilaka aku! luwih becik aku ora diparingi Kitab mau.

٢٥ - وَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَابَهُ بِشِمَالِهِ فَيَقُولُ يَا لَيْتَنِي لَمْ أُوتَ كِتَابِيَهْ ۝

Wa-ammaa man uutiya kitaabahuu bisyimaalihii fayaquulu yaalaitanii lam uuta kitaabiyah.

26. Aku biyen ora ngerti bakal anane papriksan iki!

٢٦ - وَلَمْ أَدْرِ مَا حِسَابِيَهْ ۝

Walam ad-ri maa hisaabiyah.

27. Wadhuh, mbok iya awakku karuwan manawa terus mati bae, banjur rampung!

٢٧ - يَا لَيْتَهَا كَانَتِ الْقَاضِيَةَ ۝

Yaa laitahaa kaanatil qaadhiyah.

28. Bandhaku ora menehi manfangat marang aku!"

٢٨- مَآ أَغۡنَىٰ عَنِّي مَالِيَهۡ ۝

Maa agh ıa 'annii maaliyah.

29. Panguwasaku saiki uga wus sirna saka aku!

٢٩- هَلَكَ عَنِّي سُلۡطَٰنِيَهۡ ۝

Halaka 'annii sulthaaniyah.

30. Dhawuhing Allah marang Malaikat juru kunci Neraka: "Sira cekelen wong iku! nuli bandanen tangane tekan gulune!

٣٠- خُذُوهُ فَغُلُّوهُ ۝

Khudzuuhu faghulluuh.

31. Banjur lebokna ing Neraka Jahim (kang tansah murub).

٣١- ثُمَّ ٱلۡجَحِيمَ صَلُّوهُ ۝

Tsummal jahiima shalluuh.

32. Banjur blenggunen nganggo rante kang dawane pitung puluh asta.

٣٢- ثُمَّ فِي سِلۡسِلَةٖ ذَرۡعُهَا سَبۡعُونَ ذِرَاعٗا فَٱسۡلُكُوهُ ۝

Tsumma fii silsilatin dzar'uhaa sab-'uuna dziraa'an faslukuuh.

33. Jalaran satemene biyen dheweke ora padha iman ing Allah kang Maha Agung.

٣٣- إِنَّهُۥ كَانَ لَا يُؤۡمِنُ بِٱللَّهِ ٱلۡعَظِيمِ ۝

Innahuu kaana laa yu'minu billaahil 'azhiim.

34. Lan ora gelem akon aweh pangane wong miskin".

٣٤- وَلَا يَحُضُّ عَلَىٰ طَعَامِ ٱلۡمِسۡكِينِ ۝

Walaa yahudhdhu 'alaa tha'aamil mis-kiin.

35. Lan ing dina iku wong mau ora duwe sanak kadang kang ngancani ana ing kono.

٣٥- فَلَيۡسَ لَهُ ٱلۡيَوۡمَ هَٰهُنَا حَمِيمٞ ۝

Falaisa lahul yauma haahunaa hamiim.

36. Sarta ora diparingi pangan, kajaba mung nanah.

٣٦- وَلَا طَعَامٌ إِلَّا مِنۡ غِسۡلِينٖ ۝

Walaa tha'aamun illaa min ghisliin.

37. Ora ana kang mangan nanah mau kajaba wong kang padha duraka.

٣٧- لَّا يَأۡكُلُهُۥٓ إِلَّا ٱلۡخَٰطِـُٔونَ ۝

Laa ya'kuluhuu illal khaathi-uun.

Sanyata Quraan iku dhawuh Wahyune Allah.

38. Sayekti Ingsun sumpah kalawan barang kang padha sira weruhi.

٣٨ - فَلَآ أُقْسِمُ بِمَا تُبْصِرُونَ ○

Falaa uqsimu bimaa tubshiruun.

39. Lan barang kang durung sira weruhi.

٣٩ - وَمَا لَا تُبْصِرُونَ ○

Wamaa laa tubshiruun.

40. Manawa satemene Quraan iku dhawuh Wahyune Allah, diampil dening Utusan kang mulya.

٤٠ - إِنَّهُۥ لَقَوْلُ رَسُولٍ كَرِيمٍ ○

Innahuu laqaulu rasuulin kariim.

41. Quraan iku dudu gunemane wong ahli sya'ir, sathithik banget anggonira iman.

٤١ - وَمَا هُوَ بِقَوْلِ شَاعِرٍ ۚ قَلِيلًا مَّا تُؤْمِنُونَ ○

Wamaa huwa biqauli syaa'ir, qaliilam maa tu'minuun.

42. Lan Quraan mau dudu gunemane tukang tenung, juru badhe, sathithik banget anggonira ngalap pepeling.

٤٢ - وَلَا بِقَوْلِ كَاهِنٍ ۚ قَلِيلًا مَّا تَذَكَّرُونَ ○

Walaa biqauli kaahin, qaliilam maa tadzakkaruun.

43. Quraan iku diturunake saka ngarsa dalem Allah Pangeraning 'alam Jagad rat!

٤٣ - تَنزِيلٌ مِّن رَّبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ○

Tanziilum mir rabbil 'aalamiin.

44. Samungguha Muhammad iku gelem anggorohi marang Ingsun sanajan mung kalawan sawatara gegorohan bae.

٤٤ - وَلَوْ تَقَوَّلَ عَلَيْنَا بَعْضَ ٱلْأَقَاوِيلِ ○

Walau taqawwala 'alainaa ba'dhal aqaawiil.

45. Dheweke mesthi Ingsun patrapi kalawan Kakuwatan (Kekerasan) Ingsun.

٤٥ - لَأَخَذْنَا مِنْهُ بِٱلْيَمِينِ ○

La-akhadznaa minhu bil yamiin.

46. Banjur Ingsun pugel urat nadi gorokane (otot kudane).

٤٦ - ثُمَّ لَقَطَعْنَا مِنْهُ ٱلْوَتِينَ ○

Tsumma laqatha'naa minhul watiin.

47. Ora ana wong siji bae kang ngalang-alangi siksaning Allah marang dheweke.

٤٧ - فَمَا مِنكُم مِّنْ أَحَدٍ عَنْهُ حَاجِزِينَ ○

Famaa minkum min ahadin 'anhu haajiziin.

48. Lan sayekti Al Quraan iku sawijining piwulang agung tumrap wong kang padha taqwa.

٤٨ - وَإِنَّهُ لَتَذْكِرَةٌ لِّلْمُتَّقِينَ ○

Wa innahuu latadzkiratul lilmuttaqiin.

49. Lan yekti Ingsun wus Nguningani banget manawa ana ing antaranira iku ana kang maido Quraan.

٤٩ - وَإِنَّا لَنَعْلَمُ أَنَّ مِنكُم مُّكَذِّبِينَ ○

Wa innaa lana'lamu anna minkum mukadzdzibiin.

50. Lan temen Quraan iku gawe nelangsane wong kafir (ing Akherat).

٥٠ - وَإِنَّهُ لَحَسْرَةٌ عَلَى الْكَافِرِينَ ○

Wa innahuu lahasratun 'alal kaafiriin.

51. Lan sanyata Al Quraan iku wus nyata kabenerane kang diyakini.

٥١ - وَإِنَّهُ لَحَقُّ الْيَقِينِ ○

Wa innahuu lahaqqul yaqiin.

52. Mula, sira mahanucekna kalawan nyebut asmaNing Allah Pangeranira, kang Maha Agung.

٥٢ فَسَبِّحْ بِاسْمِ رَبِّكَ الْعَظِيمِ ○

Fasabbih bismi rabbikal 'azhiim.

***)

***). Interkorelasi (sasambetan katerangan ingkang manunggil ancas) sarta intisari saking surat Al Haaqqah lan surat Al Ma'aarij (Margi kangge minggah):
1. Ing surat Al Haaqqah anerangaken bilih ing dinten Hisab (Qiyamat) manungsa kagolongaken dados kalih: Sapisan golongan nampi kitab cathetan amal sarana tangan tengen, punika ingkang manggih kabegjan ing Suwarga. Kaping kalih golongan nampi kitab cathetan amal sarana tangan kiwa, punika alamat cilaka sanget, badhe kacemplungaken ing Neraka, dene wonten ing surat Al Ma'aarij anerangaken sipat-sipatipun kalih golongan kasebat.
2. Surat Al Haaqqah dipun lengkapi katerangan ipun ing bab hisab dinten Qiyamat, dening surat Al Ma'aarij.

AL MA'AARIJ (DALAN KANG MUNGGAH)

Surat kaping 70 : 44 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat Al Haaqqah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Wus dadi kapesthian manawa siksa iku kapatrapake marang wong kafir.

1. Ana wong nyuwun tumuruning siksaNe Allah kang mesthi bakal kalakon.

١ - سَاَلَ سَآئِلٌ بِعَذَابٍ وَّاقِعٍ ○

Sa-ala saa-ilum bi'adzaabiw waaqi'.

2. Kang bakal ngenani wong kafir, tur ora ana kang bakal bisa nulak.

٢ - لِّلْكٰفِرِيْنَ لَيْسَ لَهٗ دَافِعٌ ○

Lilkaafiriina laisa lahuu daafi'.

3. Siksa mau tumurun saka ngarsa dalem Allah, kang kagungan dalan kanggo munggah.

٣ - مِّنَ اللّٰهِ ذِى الْمَعَارِجِ ○

Minallaahi dzil ma'aarij.

4. Dalan kanggo munggah mau diunggahi para Malaikat Jibril sowan seba marang ngarsa dalem Allah, ana ing dina kang lawase seket ewu tahun.[1017)]

٤ - تَعْرُجُ الْمَلٰٓئِكَةُ وَالرُّوْحُ اِلَيْهِ فِىْ يَوْمٍ كَانَ مِقْدَارُهٗ خَمْسِيْنَ اَلْفَ سَنَةٍ ○

Ta'rujul malaa-ikatu warruuhu ilaihi fii yaumin kaana miqdaaruhuu khamsiina alfa sanah.

5. Muhammad, sira disabar! Karana sabar iku sarwa becik!

٥ - فَاصْبِرْ صَبْرًا جَمِيْلًا ○

Fashbir shabran jamiilaa.

1017) **Para Malaikat sarta panjenenganipun Jibril a.s. punika manawi sowan ngadhep ing ngarsa dalem Allah cekap wekdal sadinten, dene tumraping para manungsa kalampahan salebeting seket ewu tahun!**

6. Satemene wong kafir iku padha duwe kira yen siksaning Allah iku adoh kalakone (mustahil)!

٦- إِنَّهُمْ يَرَوْنَهُ بَعِيدًا ○

Innahum yaraunahuu ba'iidaa.

7. Ing mangka Ingsun Nguningani manawa siksa iku wus cedhak (mesthi kalakon)!

٧- وَنَرَاهُ قَرِيبًا ○

Wa naraahu qariibaa.

8. Yaiku .besuk ana ing dinane Langit ajur mumur kaya jer-jeran salaka.

٨- يَوْمَ تَكُونُ السَّمَاءُ كَالْمُهْلِ ○

Yauma takuunus samaa-u kalmuhli.

9. Lan Gunung-Gunung pating kleyang kaya wulu padha mabur!

٩- وَتَكُونُ الْجِبَالُ كَالْعِهْنِ ○

Wa takuunul jibaalu kal'ihni.

10. Lan ora ana mitra sinarawedi siji bae kang nakokake mitrane.

١٠- وَلَا يَسْأَلُ حَمِيمٌ حَمِيمًا ○

Walaa yas-alu hamiimun hamiimaa.

11. Ing mangka wong-wong mau padha dene diweruhake marang sanak kadangé. Wong kang padha dosa luwih seneng samunguha siksa ing dina iku kena ditebus nganggo anake!

١١- يُبَصَّرُونَهُمْ يَوَدُّ الْمُجْرِمُ لَوْ يَفْتَدِي مِنْ عَذَابِ يَوْمِئِذٍ بِبَنِيهِ ○

Yubashsharuu nahum, yawaddul muhrimu lau yaftadii min 'adzaabi yaumiidzim bibaniih.

12. Lan ditebus nganggo bojone lan sedulure.

١٢- وَصَاحِبَتِهِ وَأَخِيهِ ○

Wa shaahibatihii wa akhiih.

13. Utawa ditebus kalawan brayat kukubane ing Donya.

١٣- وَفَصِيلَتِهِ الَّتِي تُؤْوِيهِ ○

Wa fashiilatihil latii tu'wiih.

14. Utawa ditebus kalawan wong kang ana ing Bumi kabeh, banjur duwe pangarep-arep nylametake wong kafir saka siksane.

١٤- وَمَنْ فِي الْأَرْضِ جَمِيعًا ثُمَّ يُنْجِيهِ ○

Waman fil ardhi jamii'an tsumma yunjiih

15. Ora babar pisan bisa! Sanyata Neraka iku geni kang ngalad-alad

١٥- كَلَّا إِنَّهَا لَظَى ○

Kallaa, innahaa lazhaa.

١٦- نَزَّاعَةً لِّلشَّوَىٰ ۝

16. Kang nglonyomake kulit sirah.

Nazzaa'atal lisysyawaa.

١٧- تَدْعُوا مَنْ أَدْبَرَ وَتَوَلَّىٰ ۝

17. Kang angglandhang wong kang ngungkurake lan malengos saka Agama (kafir).

Tad'uu man adbara watawallaa.

١٨- وَجَمَعَ فَأَوْعَىٰ ۝

18. Wong kang nguthuh nglumpukake lan nyimpen bandhane.[1018]

Fajama'a fa-au'aa.

Piwulang Islam kanggo anggula wenthah sipat alaning manungsa.

١٩- إِنَّ الْإِنسَانَ خُلِقَ هَلُوعًا ۝

19. Sanyata manungsa iku tumitah sarwa getapan (cuketan aten).

Innal insaana khuliqa haluu'aa.

٢٠- إِذَا مَسَّهُ الشَّرُّ جَزُوعًا ۝

20. Manawa dheweke kataman coba, anggresula.

Idzaa massahusy syarru jazuu'aa.

٢١- وَإِذَا مَسَّهُ الْخَيْرُ مَنُوعًا ۝

21. Dene manawa dheweke oleh kabecikan, medhit ambedhidhil!

Wa idzaa massahul khairu manuu'aa.

٢٢- إِلَّا الْمُصَلِّينَ ۝

22. Kajaba wong kang padha Shalat.

Illal mushalliin.

٢٣- الَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَاتِهِمْ دَائِمُونَ ۝

23 Kang dheweke iku padha ajeg mantep nindakake Shalate.

Alladziina hum 'alaa shalaatihim daaimuun.

1018) Tegesipun nguthuh nglempakaken lan nyimpen bandhanipun, nanging boten purun Zakat, lan boten remen amal jariyah utawi boten manfa'ataken bandha (peparingipun Allah wau) in marti ingkang leres!

24. Lan wong-wong kang ana andarbe bandhane gelem nyadhiakake bagean kang katamtokake,

٢٤ - وَالَّذِينَ فِي أَمْوَالِهِمْ حَقٌّ مَّعْلُومٌ ۝

Walladziina fii amwaalihim haqqum ma'luum.

25. Tumrap wong kang anjejaluk lan wong kang perwira (ora gelem anjejaluk).

٢٥ - لِّلسَّائِلِ وَالْمَحْرُومِ ۝

Lissaa-ili wal mahruum.

26. Lan wong-wong kang ngestokake kabenerane anane dina piwales.

٢٦ - وَالَّذِينَ يُصَدِّقُونَ بِيَوْمِ الدِّينِ ۝

Walladziina yushaddiquuna bi-yaumiddiin.

27. Sarta wong-wong kang padha wedi siksaning Allah Pangerane.

٢٧ - وَالَّذِينَ هُم مِّنْ عَذَابِ رَبِّهِم مُّشْفِقُونَ ۝

Walladziina hum min 'adzaabi rabbihim musyfiquun.

28. Karana satemene siksaning Allah Pangerane iku dheweke ora bisa krasa aman saka mesthi kelakone siksa mau.

٢٨ - إِنَّ عَذَابَ رَبِّهِمْ غَيْرُ مَأْمُونٍ ۝

Inna 'adzaaba rabbihim ghairu ma'muun.

29. Lan wong-wong kang padha bisa ngreksa ing farjine (kahurmatane).

٢٩ - وَالَّذِينَ هُمْ لِفُرُوجِهِمْ حَافِظُونَ ۝

Walladziina hum lifuruujihim haafizhuun

30. Kajaba marang bojone utawa marang jariyah kang dadi milike, mangka wong mangkono iku ora cacad.

٣٠ - إِلَّا عَلَىٰ أَزْوَاجِهِمْ أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ فَإِنَّهُمْ غَيْرُ مَلُومِينَ ۝

Illaa 'alaa azwaajihim au maa malakat aimaanuhum fa-innahum ghairu maluumiin.

31. Sing sapa ngarepake marang liyane kang mangkono iku, bojone lan jariyahe dhewe, mangka wong iku padha ngliwati wates.

٣١ - فَمَنِ ابْتَغَىٰ وَرَاءَ ذَٰلِكَ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْعَادُونَ ۝

Famanibtaghaa waraa-a dzaalika fa-ulaaika humul 'aaduun.

32. Lan (sifate wong kang Shalat) yaiku wong kang tansah ngreksa marang amanat lan parjanjiane.

٣٢ - وَالَّذِينَ هُمْ لِأَمَانَاتِهِمْ وَعَهْدِهِمْ رَاعُونَ ۝

Walladziina hum li-amaanaatihim wa 'ahdihim raa'uun.

33. Lan wong kang adil tumrap prakara kang wus padha disekseni.

٣٣ - وَالَّذِينَ هُمْ بِشَهَادَاتِهِمْ قَائِمُونَ ۝

Walladziina hum bisyahaadaatihim qaa-imuun.

34. Lan padha tansah ngreksa ing Shalate.

٣٤ - وَالَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُونَ

Walladziina hum 'alaa shalaatihim yu-haafizhuun.

35. Wong kang mangkono iku padha dimulyakake ana ing Suwarga.

٣٥ أُولَٰئِكَ فِي جَنَّاتٍ مُكْرَمُونَ ۝

Ulaa-ika fii jannaatim mukramuun.

Siksa kang banget gawe nistha bakal kapatrapake marang wong kang nggorohake ing Allah.

36. Apa mungguh sababe wong kafir padha gita-gita nekani ing ngarsanira?

٣٦ - فَمَالِ الَّذِينَ كَفَرُوا قِبَلَكَ مُهْطِعِينَ ۝

Famaalil ladziina kafaruu qibalaka muh-thi'iin.

37. Padha gegrombolan nekani ing sakiwa tengenira?[1019]

٣٧ - عَنِ الْيَمِينِ وَعَنِ الشِّمَالِ عِزِينَ ۝

'Anil yamiini wa 'anisy syimaali 'iziin.

38. Apa sawiji-sawijining wong kafir padha kepingin dilebokake ing Suwarga Na'im (tanpa iman)?

٣٨ - أَيَطْمَعُ كُلُّ امْرِئٍ مِنْهُمْ أَنْ يُدْخَلَ جَنَّةَ نَعِيمٍ ۝

Ayathma'u kullum ri-im minhum ay-yud-khala jannata na'iim.

1019) Jumhur ahli Tafsir anerangaken bilih tumuruning ayat punika wonten lelampahan Rasulullah s.a.w. nembe nindakaken Shalat lan maos Quraan ing sacelaking Ka'bah, dumadakan tiyang musyrik sami dhateng gegrombolan ing sangajengipun kaliyan criyos semu ngece: "Manawi tiyang Mu'min badhe sami lumebet Suwarga kados criyosipun Muhammad, estunipun kita tiyang musyrik ingkang langkung rumiyin lumebet Suwarga!", pramila lajeng tumurun ayat 38 kasebat.

39. Ora babar pisan! Dheweke wus Ingsun titahake saka barang kang wus dimangerteni, yaiku mani![1020)]

٣٩ - كَلَّآ إِنَّا خَلَقْنَٰهُم مِّمَّا يَعْلَمُونَ ۝

Kallaa, innaa khalaqnaahum mimmaa ya'lamuun.

40. Mula, temen Ingsun wus sumpah: "Demi Allah Pangeraning Masyrik lan Maghrib, Jagad Wetan lan Kulon, satemene Ingsun Kuwasa!

٤٠ - فَلَآ أُقْسِمُ بِرَبِّ ٱلْمَشَٰرِقِ وَٱلْمَغَٰرِبِ إِنَّا لَقَٰدِرُونَ ۝

Falaa uqsimu birabbil masyaariqi wal maghaaribi innaa laqaadiruun.

41. Kuwasa nglironi titah kang luwih becik, tinimbang kang kafir, sarta Ingsun ora bakal kena dikalahake!

٤١ - عَلَىٰٓ أَن نُّبَدِّلَ خَيْرًا مِّنْهُمْ وَمَا نَحْنُ بِمَسْبُوقِينَ ۝

'Alaa an nubaddila khairam minhum wamaa nahnu bimasbuuqiin..

42. Mula, wong kafir iku Muhammad, togna bae padha kalimput ing barang batal lan lelahanan, sahengga padha katemu karo dina kang wis diancamake marang dheweke.

٤٢ - فَذَرْهُمْ يَخُوضُوا۟ وَيَلْعَبُوا۟ حَتَّىٰ يُلَٰقُوا۟ يَوْمَهُمُ ٱلَّذِى يُوعَدُونَ ۝

Fadzarhum yakhuudhuu wa yal'abuu hattaa yulaaquu yaumahumul ladzii yuu'aduun..

43. Yaiku dina wong-wong iku padha metu saka kuburan-kuburan kanthi rerikatan, kaya-kaya wong-wong mau mlayu gegancangan marang tetenger (brahala nalika ana ing Donya) kang diadegake.

٤٣ - يَوْمَ يَخْرُجُونَ مِنَ ٱلْأَجْدَاثِ سِرَاعًا كَأَنَّهُمْ إِلَىٰ نُصُبٍ يُوفِضُونَ ۝

Yauma yakhrujuuna minal ajdaatsi siraa'an ka-annahum ilaa nushubiy yuufidhuun.

44. Paningale padha tumungkul, lingsem rumangsa ina, kaya mangkono iku kahanane dina kang wus dijanjekake marang wong iku kabeh.

***)

٤٤ - خَٰشِعَةً أَبْصَٰرُهُمْ تَرْهَقُهُمْ ذِلَّةٌ ۚ ذَٰلِكَ ٱلْيَوْمُ ٱلَّذِى كَانُوا۟ يُوعَدُونَ ۝

Khaasyi'atan abshaaruhum tarhaquhum dzillah, dzaalikal yaumul ladzii kaanuu yuu'aduun.

1020). Sadaya tiyang kadosan saking kama (mani), lajeng lahir saking guwa garbaning Ibunipun, punika sintena kemawon ingkang iman, 'ibadah (taqwa), lan amal shaleh, tamtu badhe lumebet Suwarga, makaten piwucalipun Nabi s.a.w. Dados manawi piyambakipun (musyrikin lan kafirin) boten iman, inggih boten hak lumebet Suwarga. Punika nami logis lan adil!

***). Sasambetaning surat Al Ma'aarij lan surat Nuh a.s. sarta intisarinipun makaten:
1. Kakalihipun sami-sami nerangaken wontenipun ancaman siksa tumrap tiyang kafir.
2. Wonten ing surat Al Ma'aarij dening Allah dipun terangaken bilih Panjenenganipun Dzat ingkang Kuwaos anggantos ummat ingkang duraka, dipun gantos ummat ingkang langkung sae, manawi wonten ing surat Nuh, gamblang dipun contokaken ummatipun Nuh a.s. ingkang dipun siksa total dening bena ageng sa-Donya.

N U H (NABI NUH)

Surat kaping 71 : 28 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat An Nahl.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Sanyata Ingsun wus angutus Nuh marang kaume, dhawuhIngsun: "Sira ngelingna! ing kaumira, sadurunge padha katekan siksa kang anglarani!".

١ - اِنَّآ اَرْسَلْنَا نُوْحًا اِلٰى قَوْمِهٖٓ اَنْ اَنْذِرْ قَوْمَكَ مِنْ قَبْلِ اَنْ يَّاْتِيَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ○

Innaa arsalnaa nuuhan ilaa qaumihii an andzir qaumaka min qabli ay-ya'iyahum 'adzaabun aliim.

2. Nuh dhawuh marang kaume: "He kaumku! sanyata aku iki juru pepeling kang pratela marang sira kabeh.

٢ - قَالَ يٰقَوْمِ اِنِّيْ لَكُمْ نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ○

Qaala yaa qaumi innii lakum nadziirum mubiin.

3. Yaiku supaya sira padha nyembaha ing Allah, sarta padha wedia (taqwa) marang PanjenengaNe, lan padha manut mituruta marang Ingsun.

٣ - اَنِ اعْبُدُوا اللّٰهَ وَاتَّقُوْهُ وَاَطِيْعُوْنِ ○

Ani'budullaaha wattaquuhu wa athii'uun.

4. Sanyata Allah bakal paring pangapura ing dosanira, lan nyarantekake ing sira kabeh,[1021] tumeka waktu kang wus katemtokake. Satemene wewenangIng Allah iku manawa wus teka ora kena diundurake maneh manawa sira padha mangerti".

٤ - يَغْفِرْ لَكُمْ مِّنْ ذُنُوْبِكُمْ وَيُؤَخِّرْكُمْ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ۭ اِنَّ اَجَلَ اللّٰهِ اِذَا جَاۗءَ لَا يُؤَخَّرُ ۘ لَوْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ○

Yaghfir lakum min dzunuubikum wa yu-akhkhirkum ilaa ajalim musammaa, Inna ajalallaahi idzaa jaa-a laa yu-akhkharu lau kuntum ta'lamuun.

1021). Allah kapareng paring inah panjang umur, dadosa kalonggaran purun enget lan tobat.

Nabi Nuh ngaturake ruwet rentenging kaume marang Allah.

5. Nuh matur marang Pangerane: "Dhuh Allah Pangeran kula! saestunipun kula tansah ajak-ajak rinten dalu dhumateng kaum kula.

٥ - قَالَ رَبِّ إِنِّي دَعَوْتُ قَوْمِي لَيْلًا وَنَهَارًا ۝

Qaala rabbi innii da'autu qaumii lailaw wa nahaaraa.

6. Pangajak kula wau boten mewahi punapa-punapa dhumateng kaum kula, kajawi malah piyambakipun sami anambahi tebih saking iman.

٦ - فَلَمْ يَزِدْهُمْ دُعَائِي إِلَّا فِرَارًا ۝

Falam yazid-hum du'aa-ii illaa firaaraa.

7. Lan saestunipun saben-saben kula ajak-ajak dhumateng tetiyang wau supados Paduka paring pangapura dhumateng piyambakipun, tetiyang wau lajeng sami nyumpeli kupingipun kaliyan drijih'pun, lan sami krukuban ngangge sinjangipun, piyambakipun sami puguh tuwin tekebur!

٧ - وَإِنِّي كُلَّمَا دَعَوْتُهُمْ لِتَغْفِرَ لَهُمْ جَعَلُوا أَصَابِعَهُمْ فِي آذَانِهِمْ وَاسْتَغْشَوْا ثِيَابَهُمْ وَأَصَرُّوا وَاسْتَكْبَرُوا اسْتِكْبَارًا ۝

Wa jnnii kullamaa da'autuhum litaghfira lahum ja'aluu ashaabi'ahum fii aadzaarihim wastagh-syau tsiyaabahum wa asharruu wastakbarus tikbaaraa.

8. Kula lajeng ajak-ajak iman dhumateng kaum kula kalayan ngedheng.

٨ - ثُمَّ إِنِّي دَعَوْتُهُمْ جِهَارًا ۝

Tsumma innii da'autuhum jihaaraa.

9. Lajeng kula ajak malih kalayan dhengdhengan lan sarana arih-ririh !.

٩ - ثُمَّ إِنِّي أَعْلَنتُ لَهُمْ وَأَسْرَرْتُ لَهُمْ إِسْرَارًا ۝

Tsumma innii a'lantu lahum wa asrartu lahum israaraa.

10. Mila sampun kula dhawuhaken: "Sira padha enggal nyuwuna pangapura marang Allah Pangeranira! jalaran satemene PanjenengaNe iku rena paring pangaksama.

١٠ - فَقُلْتُ اسْتَغْفِرُوا رَبَّكُمْ إِنَّهُ كَانَ غَفَّارًا ۝

Faqultus taghfiruu rabbakum, innahuu kaana ghaffaaraa.

11. Yekti Allah bakal anurunake udan deres marang sira kabeh,

١١ - يُرْسِلِ السَّمَاءَ عَلَيْكُم مِّدْرَارًا ۝

Yursilis samaa-a 'alaikum mid-raaraa.

12. Sarta paring ngekehake bandha lan anak marang sira kabeh, sarta maringi pakebonan lan kali-kali marang sira kabeh.

١٢ - وَّيُمْدِدْكُمْ بِأَمْوَالٍ وَّبَنِيْنَ وَيَجْعَلْ لَّكُمْ جَنّٰتٍ وَّيَجْعَلْ لَّكُمْ أَنْهٰرًا ۝

Wa yumdidkum bi-amwaaliw wa baniina wa yaj'al lakum jannaatin wa yaj'al lakum anhaaraa.

13. Genea sira kabeh ora padha duwe karep angegungake PanjenengaNe Allah?

١٣ - مَا لَكُمْ لَا تَرْجُوْنَ لِلّٰهِ وَقَارًا ۝

Maa lakum laa tarjuuna lillaahi wa qaaraa

14. Ing mangka Allah wus nitahake sira kabeh kalawan tataran kadadean. 1022)

١٤ - وَقَدْ خَلَقَكُمْ أَطْوَارًا ۝

Waqad khalaqakum athwaaraa.

15. Pangandikaning Allah: "Apa sira ora padha andeleng kapriye anggone Allah wus nitahake Langit pitu, sap-sapan!

١٥ - أَلَمْ تَرَوْا كَيْفَ خَلَقَ اللّٰهُ سَبْعَ سَمٰوٰتٍ طِبَاقًا ۝

Alam tarau kaifa khalaqallaahu sab'a samaawaatin thibaaqaa.

16. Lan Allah wus nitahake Rembulan madhangi ana ing Langit, lan nitahake Srengenge mencorong (kaya diyan mencorong agung) 1023)

١٦ - وَجَعَلَ الْقَمَرَ فِيْهِنَّ نُوْرًا وَّجَعَلَ الشَّمْسَ سِرَاجًا ۝

Wa ja'alal qamara fiihinna nuuraw wa ja'alasy syamsa siraajaa.

1022) Kados ingkang sampun kaweca ing Surat Al Mu'minun ayat: 12, 13, lan 14, ingkang suraosipun bilih sangkan paran dumadining manungsa punika proses tumitahipun sami: 1. saking saripathinipun tanem tuwuh ing siti; 2. lajeng lumantar kama (mani) ingkang lumebet lan gathuk ing rahim ibu, sasampunipun 9 wulan 10 dinten lajeng lahir cenger dados bayi abrit; 3. lajeng dados tiyang dewasa ingkang tanggel jawab, tumunten pejah lan (last but not least) akhiripun gesang malih saking kubur ing dinten Qiyamat, sasampunipun dipun hisab (dipun adili) lajeng lumebet Suwarga utawi Neraka salami-laminipun.

1023) Mirsanana surat Yunus ayat: 5 ingkang suraosipun tumitah lan lampahing Surya, Rembulan, sarta Lintang utawi Planit sanes-sanesipun punika saweneh faedahipun tiyang saged mangertosi tanggal, dinten, pekenan, wulan, tahun, windu, jam, sekon lan menit. Kalender punika warni kalih: 1. Kalender 'Qamariyah utawi ngetang hisab adhedhasar lampahing Rembulan. 2. Kalender Syamsiyah utawi ngetang penanggalan dhasaripun lampahing Surya utawi Tahun Masehi. Kalender Qamariyah kasebat masyhuripun nami Tahun Hijriyah. Ing Negari Mataram inggih Sri Sultan Muhammad (1613 - 1645) ingkang kondhang kaonang-onang ajejuluk Sultan Agung Prabu Hanyokrokusumo iyasa kalender enggal ingkang adhedhasar kalender Hijrah, kawiwitan wonten ing tahun 1633 Masehi, ingkang kaleres tahun Saka 1555, dene tahunipun Hijrah 1043. Panjenengan dalem Sultan Agung (pahlawan Nasional) punika Ratu gung binathara, politikus sarta Muslim ingkang ta'at konsekwen nindakaken ('amalaken) syari'at Islam lan Da'wah Islam. Yasanipun ing antawisipun anemtokaken dinten-dinten ageng Islam ingkang resmi ing negari Mataram: kadosta Garebeg Besar utawi 'Idul Adha (Haji), Garebeg Bada utawi 'Idul Fitri, Garebeg Mulud, wonten ing tanggal 12 Rabi'ulawal inggih miyosipun gusti panutan Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. (Sekatenan ing Ngayogyakarta, Surakarta lan Cirebon). Makaten ugi Maleman ingkang dhawah tanggal 21 Ramadhan (malem Selikuran).

Kalender Hijrah kaliyan Kalender Sultan Agung wonten bentenipun sakedhik inggih punika ngengingi penyisipan dinten-dinten ing tahun Kabisat (panjang). Kalender Hijrah nyisipaken 11 dinten salebeting 30 tahun. Kalender Sultan Agung nyisipaken 3 dinten salebeting 8 tahun (Sewindu).

Kanthi bedaning panyisipan punika, saben 120 tahun Kalender Hijrah nyisipaken 44 utawi 45 dinten. Mila saben 120 tahun sepindhah kalender Sultan Agung perlu ngunduraken satunggal dinten supados tetep sareng lampahipun kaliyan Kalender Hijrah. Saben wolung tahun (Sewindu), punika tanggal 1 Muharram dhawah wonten dinten lan pekenan ingkang sami. Windu punika anggadhahi nami piyambak-piyambak; tahun Alif, tahun Ehe, tahun Jimawal, tahun Ze, tahun Dal, tahun Be, tahun Wawu lan tahun Jimakir. Rumiyin tanggal 1 Muharram tahun Alif dhawah ing dinten Rebo Wage, ingkang katelah ABOGE. Sasampunipun 120 tahun mlampah, lajeng dipun unduraken sadinten, dados tahun Alif ing tahun sapunika dhawah dinten Selasa Pon, ingkang katelah ASOPON. Samanten ugi tahun Ehe, Jimawal, Ze, Dal, lsp. nggadhahi rumus piyambak-piyambak, maksudipun damel praktis lan mathis - gampil madosi dinten lan pekenanipun. (Makaten ing antawisipun Ir.H.Basit Wahid, sesorah "Mangayu bagya tahun enggal Hijrah 1398" ing bale ageng PTAI-Sasonoworo Ngayogyakarta, tanggal 1 Muharram 1398 utawi 1 Sura 1910). Punapa ta kawigatosanipun dene 1 Muharram tahun enggal Hijrah dening Ummat Islam dipun pengeti? Boten sanes inggih jalaran wiwitanipun tahun Hijrah punika dipun dhawahaken kaliyan kadadosan penting wonten ing sejarah mekaripun Islam, inggih punika wiwit Hijrah utawi pindhahipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. saking kitha Mekkah dhateng kitha Madinah, ingkang ngresmekaken wonten ing jamanipun Khalifah Baginda 'Umar Ibnul Khattab r.a. wonten ing tahun 17 saking Hijrah Nabi s.a.w. Mangayubagya Tahun enggal Hijrah tanggal 1 Muharram utawi 1 Sura, ingkang katamtokaken miturut kalender Sultan Agung punika dipun paḥargya dening golongan Kapercadosan kados dene dinten ageng. Ingkang makaten punika malah mratelakaken bilih golongan Kapercadosan kanthi sadar utawi boten sadar, taksih nglebetaken kultur Islam wonten ing Kapercadosanipun. Jalaran sampun boten saged dipun selaki malih bilih kalender Sultan Agung punika sajatosipun inggih tunggil kaliyan kalender Hijrah utawi kalender Islam. Cetha sanget bilih kalender Sultan Agung dipun damel kangge kaperluan namtokaken dinten Agami Islam lan pangibadahipun ing wulan Shiyam, Hajji lsp. Ingkang kados makaten punika tumrap kita ummat Islam dadosaken pepenget, bilih kanca-kanca tunggil Bangsa, langkung-langkung ing telatah Jawi-Tengah lan Jawi-Timur, saking golongan Kapercadosan punika mbetahaken sesuluh ingkang saged mangsulaken dhateng margi ingkang leres. Jer kanca-kanca punika asalipun inggih saking satunggaling sumber, agami Islam. Tradisi paḥargyan 1 Sura miturut kanca-kanca punika manawi katlusur tamtu wangsulipun dumugi jaman Sultan Agung Hanyokrokusuma. Jalaran saderengipun boten wonten petangan tanggal 1 Sura ingkang kaetang adhedhasar kalender Qomariyah. Pramila para kanca ingkang taksih sami wonten salebeting golongan Kapercadosan, kula menghimbau, kula atur pramayogi saking tulusing manah kula, dhuh para sadherek ingkang sami marsudi sejatining ngaurip, ingkang manembah dhateng Pangeran ingkang Murbeng Dumados, sumangga sami kundur wangsul dhateng kasunyatan ingkang sami tumrap tiyang sak Donya! Kasunyatan ingkang dipun asta dening para Andika Rasul, sarta ingkang dipun dumugekaken, dipun da'wahaken dening Rasul pungkasan, inggih Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. Saweneh tiyang sami gadhah panginten, bilih titiyang Islam ing Indonesia ing jaman modern punika sampun sami boten mangertos tanggal, wulan lan tahun Hijrah. Cariyosipun sadaya sampun sami ngginakaken tanggalan Masehi utawi Umum. Ingkang kados makaten punika boten leres! Taksih kathah Rakyat kita Bangsa Indonesia ingkang milih wulan Besar utawi Dzulhijjah kangge panggihing penganten, tetesan, khitanan, utawi kekahan sapiturutipun. Taksih kathah sanget Rakyat kita ingkang sami nglampahi Shiyam wonten ing wulan Ramadhan lan maḥargya dinten Riyadi Ageng Idul Fitri, langkung meriyah katimbang tanggal 1 Januari tahun enggal Masehi. Malah resepsi Sawalan dipun paḥargya ing pundi-pundi kantor Departemen, Perguruan Tinggi, Pondok Pesantren, ABRI, lan resepsi Sawalan wau dipun semarakaken sarana ageman Nasional, santi swara (panembrama) sarta karawitan ingkang nafasipun Agami, theater ing TVRI, lan sanes-sanesipun dening titiyang Islam lan ingkang agami sanes! Jalaran sampun melembaga dados dinten Ageng Nasional. Dados usaha-utami saking amal shalehipun Sultan Agung angrembakakaken kultur Islam lan anggesangaken Cahyaning agami Islam wonten ing saindhenging Nusantara Indonesia punika nama sampun kaleksanan sukses! Pramila sumangga ummat Islam ing pundia papan, suku, marga, lan golongan-golongan samiya gesang taqwa ing Allah, kiyat pangibadah kita, lan kathah amal kasaenan kita, sarta golong gilig dados satunggal, majeng sesarengan ing laladan pembangunan Negara lan Bangsa Indonesia, ingkang karidhan dening Allah SWT.

17. Lan Allah wus nitahake sira kabeh saka ing Bumi, kalawan titah kang sabecik-becike thethukulan.

١٧ - وَاللّٰهُ أَنۢبَتَكُم مِّنَ الْأَرْضِ نَبَاتًا ۝

Wallaahu ambatakum minal ardhi nabaataa.

18. Allah banjur ambalekake sira kabeh menyang lemah, sawuse mati, sarta bakal ngetokake sira kabeh saka kubur, urip maneh!

١٨ - ثُمَّ يُعِيدُكُمْ فِيهَا وَيُخْرِجُكُمْ إِخْرَاجًا ۝

Tsumma yu'iidu kum fiihaa wa yukhrijukum ikhraajaa.

19. Lan Allah wus nitahake Bumi gumelar kanggo sira kabeh.

١٩ - وَاللّٰهُ جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ بِسَاطًا ۝

Wallaahu ja'ala lakumul ardha bisaathaa.

20. Supaya sira bisa ngambah ana ing dalan kang jembar, ana ing Bumi kono".

٢٠ - لِّتَسْلُكُوا مِنْهَا سُبُلًا فِجَاجًا ۝

Litaslukuu minhaa subulan fijaajaa.

21. Nuh matur marang Allah: "Dhuh Allah Pangeran kula! saestunipun kaum kula sami ambangkang ing parentah kula, malah sami manut dhateng tiyang ingkang bandha lan anakipun boten mewahi punapa-punapa kajawi kapitunan.

٢١ - قَالَ نُوحٌ رَّبِّ إِنَّهُمْ عَصَوْنِي وَاتَّبَعُوا مَن لَّمْ يَزِدْهُ مَالُهُ وَوَلَدُهُ إِلَّا خَسَارًا ۝

Qaala nuuhur rabbi innahum 'ashaunii wattaba'uu mal-lam yazid-hu maaluhuu wa waladuhuu illaa khasaaraa.

22. Lan piyambakipun malah sami nandukaken pangreka daya ingkang ageng.

٢٢ - وَمَكَرُوا مَكْرًا كُبَّارًا ۝

Wa makaruu makran kubbaaraa.

23. Lan sami ngucap: "He para kanca! sira aja padha ninggal brahala, sesembahanira kabeh, apa maneh aja nganti ninggal brahala Wad, Suwa', Yaghuts, Ya'uq, lan Nasr".

٢٣ - وَقَالُوا لَا تَذَرُنَّ آلِهَتَكُمْ وَلَا تَذَرُنَّ وَدًّا وَلَا سُوَاعًا وَلَا يَغُوثَ وَيَعُوقَ وَنَسْرًا ۝

Wa qaaluu laa tadzarunna aalihatakum walaa tadzarunna waddaw walaa suwaa'aw walaa yaghuutsa wa ya'uuqa wa nasraa.

24. Lan piyambakipun sampun sami nyasaraken tiyang kathah. Jalaran saking punika, Paduka mugi sampun anambahi dhateng tetiyang ingkang sami nganiaya, kajawi namung sasar!".

٢٤ - وَقَدْ أَضَلُّوا كَثِيرًا وَلَا تَزِدِ الظَّالِمِينَ إِلَّا ضَلَالًا ۝

Waqad adhalluu katsiiran walaa tazidizh zhaalimiina illaa dhalaalaa.

25. Jalaran saka kaluputane, kaum Nuh mau banjur dikeremake, nuli dilebokake Neraka. Sarta ora ana wong kang bisa nulungi wong-wong mau, kajaba mung Allah.

٢٥- مِمَّا خَطِيٰٓـَٔاتِهِمْ أُغْرِقُوا۟ فَأُدْخِلُوا۟ نَارًا فَلَمْ يَجِدُوا۟ لَهُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ أَنصَارًا ۝

Mimmaa khathii-aatihim ughriquu fa-ud-khiluu naaran falam yajiduu lahum min duunillaahi anshaaraa.

26. Nuh matur: "Dhuh Allah Pangeran kula! mugi Paduka sampun ngengehaken tiyang kafir satunggal kemawon wonten ing Bumi ngriki,

٢٦- وَقَالَ نُوحٌ رَّبِّ لَا تَذَرْ عَلَى ٱلْأَرْضِ مِنَ ٱلْكَٰفِرِينَ دَيَّارًا ۝

Wa qaala nuuhur rabbi laa tadzar 'alal ardhi minal kaafiriina dayyaaraa.

27. Jalaran manawi Paduka ngengehaken tiyang kafir wau, saestu namung badhe nyasaraken para kawula Paduka. Lan boten nurunaken kajawi turun ingkang kafir tur lacut.

٢٧- إِنَّكَ إِن تَذَرْهُمْ يُضِلُّوا۟ عِبَادَكَ وَلَا يَلِدُوٓا۟ إِلَّا فَاجِرًا كَفَّارًا ۝

Innaka in tadzarhum yudhilluu 'ibaadaka walaa yaliduu illaa faajiran kaffaaraa.

28. Dhuh Allah Pangeran kula, mugi Paduka paring pangaksama dhumateng kula, saha tiyang sepuh kula kekalih, lan tiyang ingkang nunggil sagriya kaliyan kula, ingkang Mu'min. Sarta dhateng para tetiyang Mu'min jaler lan estri. Paduka mugi sampun animbali punapa-punapa dhateng tiyang ingkang sami nganiaya, kajawi namung nambah risak!".

٢٨- رَبِّ ٱغْفِرْ لِى وَلِوَٰلِدَىَّ وَلِمَن دَخَلَ بَيْتِىَ مُؤْمِنًا وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ وَلَا تَزِدِ ٱلظَّٰلِمِينَ إِلَّا تَبَارًا ۝

Rabbighfirlii wa liwaalidayya wa liman dakhala baitiya mu'minaw wa lil-mu'miniina wal-mu'minaati walaa tazidizh-zhaalimiina illaa tabaaraa.

***)

***). Intisari lan interkorelasi ing antawisipun surat Nuh kalayan surat Al Jin makaten:
1. Ing salebeting surat Nuh, Gusti Allah dhawuh supados manungsa nyuwun pangapunten dosa kalepatanipun, dhumateng Allah piyambak, boten ngangge panglantar, tamtu saking Sih Rahmatipun badhe kaparingan bandha lan anak, ingkang kakalihipun minangka amanat-Allah, dene wonten ing surat Al Jin, sintena kemawon gesangipun ngambah margi leres, badhe kaparingan rezeki ageng saking Sih Kaadilanipun.
2. Ugi kakalihipun wonten sami ing prakawis: A. Sipatipun Da'wah Nabi s.a.w. lan kadospundi tiyang kafir lan musyrik ingkang ingkar lan ambangkang, B. siksa bebenduning Allah tumrap ingkang sami duraka.

AL JIN (JIN)

Surat kaping 72 : 28 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat Al A'raaf.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Jin mlebu Islam sawuse krungu Quraan diwaca.

1. Dhawuha sira Muhammad: "Wus diwahyokake marang aku, manawa ana golonganing jin padha ngrungokake anggonku maca Quraan, para jin mau banjur padha ngucap marang kancane: "Aku wus krungu Quraan diwaca, edi banget!,[1024]

١ - قُلْ أُوْحِيَ إِلَيَّ أَنَّهُ اسْتَمَعَ نَفَرٌ مِّنَ الْجِنِّ فَقَالُوْا إِنَّا سَمِعْنَا قُرْاٰنًا عَجَبًا ○

Qul uuhiya ilayya annahus-tama'a nafarum minal jinni faqaaluu innaa sami'naa qur-aanan 'ajabaa.

2. Quraan mau nuduhake marang kabeneran, jalaran saka iku aku banjur padha iman, sarta ora nyakuthokake sawiji apa kalawan Allah Pangeranku,

٢ - يَهْدِيْ إِلَى الرُّشْدِ فَاٰمَنَّا بِهٖ وَلَنْ نُّشْرِكَ بِرَبِّنَا أَحَدًا ○

Yahdii ilar-rusydi fa-aamannaa bih, walan nusyrika birabbinaa ahadaa

---

1024) Rasulullah s.a.w. pirsa kawontenanipun jin (makhlukipun Allah badan alus) punika jalaran nampi Wahyu. Kados ingkang sampun kaweca ugi ing surat Al Ahqaaf ayat: 29 - 32, dene katerangan ingkang panjang mirsanana kitab Tafsir Al Manaar dening Syekh Muhammad Abduh jilid X bagean 32, lan kitab At Taaj dening Syekh Manshur Ali Naashif kaca 208 lan 246, bab Kitaabut Tafsir. Suraosipun makaten: bilih kautusipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. punika da'wah (nyiar-nyiaraken) Islam dhumateng para manungsa lan jin.
Kariwayataken bilih Rasulullah s.a.w. kadherekaken Sekabat Zaid bin Haritsah sesarengan tindak dumugi padhusunan Bathnu Nakhlah (ing antawisipun Mekkah lan Thaif) sampun dalu; sarehipun sampun sayah tumunten ngaso sawatawis. Wonten ing ngriku salebetipun shalat tahajud (shalat dalu) Nabi s.a.w. kathah maos ayat-ayat Quraan, ingkang kapinujon sagolongan kepala-kepala jin saking dhusun Nashibin (ing wilayah jajahan Yaman) sami langkung sacelakipun Nabi s.a.w. maos Quraan. Sasampunipun para jin wau mireng, lajeng sami kendel lan sami ninglingaken suraosing Quraan. Sareng sampun rampung para jin wau lajeng bidhal nglajengaken lampahipun. Saweneh riwayat nerangaken wonten sanga kepala-kepala jin wau ingkang lajeng ajak-ajak (da'wah) lumebet Islam dhateng kanca-kanca pimpinanipun piyambak-piyambak. Saestu sanes wekdal sami gemrudug sowan Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. lan lumebet Islam, kirang langkung tigang atus tiyang kathahipun. Inggih punika lelampahan jin makhluk badan alus ingkang kasebat ing surat Al Ahqaaf ayat: 29 - 32, sumangga kula aturi maos lan nyuraos malih. Ing riwayat kasebat kadadosan punika ing wulan Dzulqaidah tahun 10 kenabian. Wallaahu 'alam .

٣ - وَأَنَّهُ تَعَٰلَىٰ جَدُّ رَبِّنَا مَا اتَّخَذَ صَٰحِبَةً وَلَا وَلَدًا ۝

Wa annahuu ta'aalaa jaddu rabbinaa mattakhadza shaahibataw walaa waladaa.

3. Lan satemene Allah Pangeranku iku Maha Luhur lan Maha Agung, PanjenengaNe ora mundhut garwa lan ora peputra,

٤ - وَأَنَّهُ كَانَ يَقُولُ سَفِيهُنَا عَلَى اللَّهِ شَطَطًا ۝

Wa annahuu kaana yaquulu safiihunaa 'alallaahi sathathaa.

4. Lan satemene ana kancaku kang bodho ngucap gegorohan kang ngliwati wates ingatase Allah.[1025]

٥ - وَأَنَّا ظَنَنَّآ أَن لَّن تَقُولَ ٱلْإِنسُ وَٱلْجِنُّ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا ۝

Wa annaa zhanannaa al-lan taquulal insu wal-jinnu 'alallaahi kadzibaa.

5. Lan yekti aku wus ngira, yen ora babar pisan manungsa lan jin iku gelem gawe goroh ingatase Allah.

٦ - وَأَنَّهُۥ كَانَ رِجَالٌ مِّنَ ٱلْإِنسِ يَعُوذُونَ بِرِجَالٍ مِّنَ ٱلْجِنِّ فَزَادُوهُمْ رَهَقًا ۝

Wa annahuu kaana rijaalum minal insi ya'uudzuuna birijaalim minal jinni fazaaduuhum rahaqaa.

6. Lan satemene ana saka golongane manungsa kang padha anjaluk tulung, anjaluk reksa, marang bangsa jin, banjur saya wuwuh sasare (tekebure) jin mau.[1026]

٧ - وَأَنَّهُمْ ظَنُّوا كَمَا ظَنَنتُمْ أَن لَّن يَبْعَثَ ٱللَّهُ أَحَدًا ۝

Wa annahum zhannuu kamaa zhanantum allay yab'atsallaahu ahadaa.

7. Lan temen jin-jin mau padha duwe pangira kaya pangiramu iku, yaiku ngira yen Allah ora angutus (Rasul) sapa-sapa.

٨ - وَأَنَّا لَمَسْنَا ٱلسَّمَآءَ فَوَجَدْنَٰهَا مُلِئَتْ حَرَسًا شَدِيدًا وَشُهُبًا ۝

Wa annaa lamasnas samaa-a fawajadnaahaa muli-at harasan syadiidaw wa syuhubaa.

8. Lan satemene aku wus nyoba andeleng wewadine Langit, ing kono dikebaki para Malaikat kang anjaga, tur padha santosa, lan miranti panah-panah geni.

1025) Gegorohan ingkang nglangkungi wates maksudipun, nyriosaken bilih Allah punika kagungan garwa lan putra.

1026 Saweneh kabiasaanipun tiyang Arab Jahiliyah (saderengipun Islam) manawi nglangkungi panggenan ingkang sepen mamring, punika nyuwun reksa, nyuwun wilujeng dhateng jin ingkang piyambakipun anggep ingkang baureksa utawi kuwaos ing papan ngriku.

9. Biyen aku bisa lungguh ana ing Langit saenggon-enggon, perlu ngrungokake gunemane para Malaikat, ananging saiki [1027] sing sapa golek rerungon, dheweke mesthi disamber ing panah-panah geni kang kacawisake siaga!

٩ - وَأَنَّا كُنَّا نَقْعُدُ مِنْهَا مَقَاعِدَ لِلسَّمْعِ فَمَنْ يَسْتَمِعِ الْآنَ يَجِدْ لَهُ شِهَابًا رَصَدًا ۝

Wa annaa kunnaa naq'udu minhaa maqaa'ida lissam'i famay yastami'il aana yajid lahuu syihaabar rashadaa.

10. Lan satemene aku ora ngerti kapriye karsaning Allah Pangeraning ngakeh kang ana ing Bumi iki, dadi ala utawa becik kadadeane!

١٠ - وَأَنَّا لَا نَدْرِي أَشَرٌّ أُرِيدَ بِمَنْ فِي الْأَرْضِ أَمْ أَرَادَ بِهِمْ رَبُّهُمْ رَشَدًا ۝

Wa annaa laa nad-rii asyarrun uriida biman fil ardhi am araada bihim rabbuhum rasyadaa.

11. Lan satemene sagolongan saka kita ana kang becik, lan sagolongan maneh ora mangkono; Agamane kanca-kancaku beda-beda.

١١ - وَأَنَّا مِنَّا الصَّالِحُونَ وَمِنَّا دُونَ ذَٰلِكَ كُنَّا طَرَائِقَ قِدَدًا ۝

Wa annaa minnash shaalihuuna wa minnaa duuna dzaalika kunnaa tharaa-iqa qidadaa.

12. Lan temen kita wus yakin, aku ora bakal bisa mrucut saka PanguwasaNe Allah sanajana aku ana ing jero Bumi, lan ora bisa mlayu ucul saka KekuwasaNe.

١٢ - وَأَنَّا ظَنَنَّا أَنْ لَنْ نُعْجِزَ اللَّهَ فِي الْأَرْضِ وَلَنْ نُعْجِزَهُ هَرَبًا ۝

Wa annaa zhanannaa al-lan nu'jizallaaha fil ardhi walan nu'jizahuu harabaa.

13. Lan temen nalika kita krungu pituduhing Quraan, banjur bae kita iman marang Allah Pangerane, wong iku ora kuwatir bakal kapitunan utawa asor.

١٣ - وَأَنَّا لَمَّا سَمِعْنَا الْهُدَىٰ آمَنَّا بِهِ فَمَنْ يُؤْمِنْ بِرَبِّهِ فَلَا يَخَافُ بَخْسًا وَلَا رَهَقًا ۝

Wa annaa lammaa sami'nal hudaa aamannaa bihii famay yu'mim birabbihii falaa yakhaafu bakhsaw walaa rahaqaa.

14. Saweneh kanca kita ana kang Islam, lan saweneh liyane kafir. Dene sing sapa Islam wong kang mangkono mau padha anggatekake marang kabeneran.

١٤ - وَأَنَّا مِنَّا الْمُسْلِمُونَ وَمِنَّا الْقَاسِطُونَ فَمَنْ أَسْلَمَ فَأُولَٰئِكَ تَحَرَّوْا رَشَدًا ۝

1027) Artosipun "saiki" inggih punika jaman sasampunipun Nabi Muhammad s.a.w. kawisuda jumeneng dados Rasulullah.

Wa annaa minnal muslimuuna wa minnal qaasithuuna faman aslama fa-ulaa-ika taharrau rasyadaa.

15. Dene wong kang kafir, bakal padha dianggo urub-urube Neraka Jahanam".

١٥- وَأَمَّا الْقَاسِطُونَ فَكَانُوا لِجَهَنَّمَ حَطَبًا ۝

Wa ammal qaasithuuna fakaanuu li-jahannama hathabaa.

16. Dhawuhing Allah: "Samungguha wong-wong iku padha jejeg Agamane, mesthi banjur padha Ingsun siram banyu udan kang (kaparingan rezeki kang akeh).[1028]

١٦- وَأَن لَّوِ اسْتَقَامُوا عَلَى الطَّرِيقَةِ لَأَسْقَيْنَاهُم مَّاءً غَدَقًا ۝

Wa allawistaqaamuu 'alath thariiqati la-asqainaahum maa-an ghadaqaa.

17. Ingsun anggo nyoba wong iku kabeh, lan sing sapa malengos saka eling marang Allah Pangerane, dheweke bakal dilebokake ana ing siksa kang abot.

١٧- لِّنَفْتِنَهُمْ فِيهِ ۚ وَمَن يُعْرِضْ عَن ذِكْرِ رَبِّهِ يَسْلُكْهُ عَذَابًا صَعَدًا ۝

Linaftinahum fiih, wamay yu'ridh 'an dzikri rabbihii yasluk-hu 'adzaaban sha'adaa.

18. Lan satemene Mesjid-mesjid iku kagungaNe Allah, mula saka iku sira aja nyembah marang sapa-sapa sartaning Allah.

١٨- وَأَنَّ الْمَسَاجِدَ لِلَّهِ فَلَا تَدْعُوا مَعَ اللَّهِ أَحَدًا ۝

Wa annal masaajida lillaahi falaa tad'uu ma'allaahi ahadaa.

19. Lan satemene bareng kawulaning Allah, Muhammad jumeneng nyembah ing Allah, nindakake 'ibadah, para jin padha suk-sukan, meh bae ambebayani marang Muhammad.

١٩- وَأَنَّهُ لَمَّا قَامَ عَبْدُ اللَّهِ يَدْعُوهُ كَادُوا يَكُونُونَ عَلَيْهِ لِبَدًا ۝

Wa annahuu lammaa qaama 'abdullaahi yad'uuhu kaaduu yakuunuuna 'alaihi libadaa.

Pangipuk-ipuking Allah ing wahyu kang katurunake marang para andika Rasul.

20. Muhammad, sira dhawuha: "Satemene aku nyembah marang Pangeranku piyambak,

٢٠- قُلْ إِنَّمَا أَدْعُو رَبِّي وَلَا أُشْرِكُ بِهِ أَحَدًا ۝

1028) Sintena kemawon jin utawi manungsa ingkang sami leres (jejeg) anggenipun nindakaken Agami, tamtu Allah badhe paring kanugrahan rezeki ingkang kathah.

aku ora nyakuthokake sapa-sapa marang PanjenengaNe".

Qul innamaa ad'uu rabbii walaa usyriku bihii ahadaa.

21. Muhammad, sira dhawuha maneh "Aku ora bisa nolak kamlarataning awakira , lan uga ora bisa nuduhake (kamanfa'atan) sira kabeh".

٢١ - قُلْ إِنِّي لَا أَمْلِكُ لَكُمْ ضَرًّا وَلَا رَشَدًا ○

Qul innii laa amliku lakum dharraw walaa rasyadaa.

22. Sira dhawuha maneh: "Satemene ora ana wong bisa nylametake aku saka siksane Allah, lan maneh aku ora oleh pangungsen saliyane marang Allah.

٢٢ - قُلْ إِنِّي لَنْ يُجِيرَنِي مِنَ اللَّهِ أَحَدٌ وَلَنْ أَجِدَ مِنْ دُونِهِ مُلْتَحَدًا ○

Qul innii lay yujiiranii minallaahi ahadun walan ajida min duunihii multahadaa.

23. Ananging aku mung maratelakake dhawuh Agama, lan angestokake ayahaning Allah. Lan sing sapa duraka ing Allah lan UtusaNe, satemene wong iku dibubuhi Neraka Jahanam, langgeng ana ing kono salawas-lawase.

٢٣ - إِلَّا بَلَاغًا مِنَ اللَّهِ وَرِسَالَاتِهِ وَمَنْ يَعْصِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَإِنَّ لَهُ نَارَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا أَبَدًا ○

Illaa balaagham minallaahi wa risaalaatih, wamay ya'shillaaha wa rasuulahuu fa-inna lahuu naara jahannama khaalidiina fiihaa abadaa.

24. (Dheweke tetep nyawang wong Mu'min iku padha ringkih), sahengga manawa dheweke padha weruh siksa kang diancamake, wong-wong mau bakal padha ngerti sapa kang luwih ringkih, tur luwih sathithik kancane".

٢٤ - حَتَّىٰ إِذَا رَأَوْا مَا يُوعَدُونَ فَسَيَعْلَمُونَ مَنْ أَضْعَفُ نَاصِرًا وَأَقَلُّ عَدَدًا ○

Hattaa idzaa ra-au maa yuu'aduuna fasaya'lamuuna man adh'afu naashiraw wa aqallu 'adadaa.

25. Muhammad, sira dhawuha: "Aku ora ngerti, apa wus cedhak siksa kang diancamake ing sira iku, utawa apa Allah Pangeranku karsa andadekake ana ing mangsa kang suwe?".

٢٥ - قُلْ إِنْ أَدْرِي أَقَرِيبٌ مَا تُوعَدُونَ أَمْ يَجْعَلُ لَهُ رَبِّي أَمَدًا ○

Qul in ad-rii aqariibum maa tuu'aduuna am yaj'alu lahuu rabbii amadaa.

26. PenjenengaNe Allah kang Nguningani barang ghaib, PanjenengaNe ora meruhake barang ghaib marang sapa-sapa.

٢٦ - عَالِمُ الْغَيْبِ فَلَا يُظْهِرُ عَلَىٰ غَيْبِهِ أَحَدًا ○

'Aalimul ghaibi falaa yuzh-hiru 'alaa ghaibihii ahadaa.

27. Kajaba marang Utusan kang wus karidhan ing Allah. Sayekti para Malaikat anjaga Utusan mau ing ngarep lan ing burine.

٢٧ - إِلَّا مَنِ ارْتَضَىٰ مِن رَّسُولٍ فَإِنَّهُ يَسْلُكُ مِن بَيْنِ يَدَيْهِ وَمِنْ خَلْفِهِ رَصَدًا ۝

Illaa manirtadhaa mir-rasuulin fa-innahuu yasluku mim baini yadaihi wa min khalfihii rashadaa.

28. Supaya PanjenengaNe Allah Nguningani yen satemene Utusan mau wus maratakake dhawuh ampilane. Lan PanjenengaNe nglimputi lalakoning para UtusaNe, sarta nyathet samubarang kalawan cacahe siji-siji.

***)

٢٨ - لِيَعْلَمَ أَن قَدْ أَبْلَغُوا رِسَالَاتِ رَبِّهِمْ وَأَحَاطَ بِمَا لَدَيْهِمْ وَأَحْصَىٰ كُلَّ شَيْءٍ عَدَدًا ۝

Liya'lama an qad ablaghuu risaalaati rabbihim wa ahaatha bimaa ladaihim wa ahshaa kulla syai-in 'adadaa.

***). Gegayutaning katerangan sarta intisari saking surat Al Jin kalayan surat Al Muzz ammil (Wong kang kemulan):
1. Wonten ing serat Al Jin katerangaken bilih titiyang kafir Mekkah tansah ngrubeda lan reaksioner dhateng Kanjeng Nabi s.a.w. ingkang nembe nindakaken Shalat, dene ing surat Al Muzzammil dening Allah dipun dhawuhi Shalat dalu (Tahajjud) supados kiyat iiwaniipun.
2. Ing surat Al Jin anerangaken bilih para jin sami gumun mirengaken Al Quraan dipun waos, dene wonten ing surat Al Muzzammil, Allah paring dhawuh supados Rasulullah s.a.w. maos Al Quraan ing wanci dalu.

AL MUZZAMMIL (WONG KANG KEMULAN)

Surat kaping 73 : 20 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kajaba ayat 10, 11 lan 12 kawahyokake ana ing Madinah, tumurun sawuse surat Al Qalam.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Wajib Shalat Tahajjud (bengi) tumrap Nabi Muhammad s.a.w.

1. He Muhammad, wong kang kemulan!

١ - يٰٓاَيُّهَا الْمُزَّمِّلُ ۝

Yaa ayyuhal muzzammil.

2. Sira Shalata ana ing wektu bengi, ananging kurangana sathithik.

٢ - قُمِ الَّيْلَ اِلَّا قَلِيْلًا ۝

Qumil laila illaa qaliilaa.

3. Kurangana separo wengi, utawa sira kurangana maneh sathithik.

٣ - نِّصْفَهٗٓ اَوِ انْقُصْ مِنْهُ قَلِيْلًا ۝

Nishfahuu awinqush minhu qaliilaa.

4. Utawa kena sira tambahi saka separo wengi mau, lan sira macaa Quraan kalawan tartil, yaiku maca cetha tur alon!

٤ - اَوْ زِدْ عَلَيْهِ وَرَتِّلِ الْقُرْاٰنَ تَرْتِيْلًا ۝

Auzid 'alaihi wa rattilil qur-aana tartiilaa.

5. Ingsun bakal maringi wahyu pangandika kang abot (Al Quraan) marang sira

٥ - اِنَّا سَنُلْقِيْ عَلَيْكَ قَوْلًا ثَقِيْلًا ۝

Innaa sanulqii 'alaika qaulan tsaqiilaa.

6. Satemene Shalat ana ing wektu bengi iku luwih nabeti ana ing ati (khusyu'), sarta luwih patitis tumrap apa kang diucapake!

٦ - اِنَّ نَاشِئَةَ الَّيْلِ هِيَ اَشَدُّ وَطْاً وَّاَقْوَمُ قِيْلًا ۝

Inna naasyi-atal laili hiya asyaddu wath-aw wa aqwamu qiilaa.

٧ - إِنَّ لَكَ فِي النَّهَارِ سَبْحًا طَوِيلًا ۝

Inna laka finnahaari sab-han thawiilaa.

7. Satemene ana ing wektu rahina, akeh gawean kang sira gatekake.

٨ - وَاذْكُرِ اسْمَ رَبِّكَ وَتَبَتَّلْ إِلَيْهِ تَبْتِيلًا ۝

Wadzkurisma rabbika wa tabattal ilaihi tabtiilaa.

8. Lan sira elinga kalawan nyebut asma-Ne Allah Pangeranira, lan ngepenga ing 'ibadah mligi karana Allah.

٩ - رَبُّ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ فَاتَّخِذْهُ وَكِيلًا ۝

Rabbul masyriqi wal maghribi laa ilaaha illaa huwa fattakhidz-hu wakiilaa.

9. Allah kang Mangerani Wetan lan Kulon, ora ana Pangeran kang disembah kajaba mung PanjenengaNe Allah, mangka ngalapa sira ing Allah dadi kapitayanira.

Warna-warna pituduh tumrap Nabi Muhammad s.a.w.

١٠ - وَاصْبِرْ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَاهْجُرْهُمْ هَجْرًا جَمِيلًا ۝

Washbir 'alaa maa yaquuluuna wah-jurhum hajran jamiilaa.

10. Muhammad, sira disabar bae, sauni-unine wong kafir, wong kafir iku togna bae, anggawaa dhedhasar cara kang becik!

١١ - وَذَرْنِي وَالْمُكَذِّبِينَ أُولِي النَّعْمَةِ وَمَهِّلْهُمْ قَلِيلًا ۝

Wadzarnii wal mukadzdzibiina ulin-na'mati wa mahhilhum qaliilaa.

11. Wong-wong kang padha maido ing Allah lan dilulu nampa kani'matan, iku sira sumanggakna marang Ingsun, lan sira anggatekna wong-wong iku sadhela bae.

١٢ - إِنَّ لَدَيْنَا أَنْكَالًا وَجَحِيمًا ۝

Inna ladainaa ankaalaw wa jahiimaa.

12. Sanyata Ingsun wus nyawisake blenggu lan Neraka Jahim.

١٣ - وَطَعَامًا ذَا غُصَّةٍ وَعَذَابًا أَلِيمًا ۝

Wa tha'aaman dzaa ghushshatiw wa 'adzaaban aliimaa.

13. Lan panganan kang nyeredi, sarta siksa kang nglarani banget.

١٤ - يَوْمَ تَرْجُفُ الْأَرْضُ وَالْجِبَالُ وَكَانَتِ الْجِبَالُ كَثِيبًا مَهِيلًا ۝

Yauma tarjuful ardhu wal jibaalu wa kaanatil jibaalu katsiibam mahiilaa.

14. Yaiku ana ing dinaning Bumi horeg, lan Gunung-gunung pating jlegur, banjur kaya tumpukan-tumpukan wedhi kang padha mabul (ambyar).

15. Sayekti Ingsun wus angutus Utusan Muhammad, marang sira (wong kafir Mekkah) kabeh kang dadi saksi tumrap sira kabeh, ana ing dina Qiyamat, kaya anggon-Ingsun wus angutus Utusan Musa, marang raja Fir'aun.

١٥ - إِنَّآ أَرْسَلْنَآ إِلَيْكُمْ رَسُولًا شَاهِدًا عَلَيْكُمْ كَمَآ أَرْسَلْنَآ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ رَسُولًا ۝

Innaa arsalnaa ilaikum rasuulan syaahidan 'alaikum kamaa arsalnaa ilaa fir'auna rasuulaa.

16. Ing mengko Fir'aun banjur duraka marang Utusane Allah, banjur Ingsun patrapi siksa kang abot.

١٦ - فَعَصَىٰ فِرْعَوْنُ ٱلرَّسُولَ فَأَخَذْنَٰهُ أَخْذًا وَبِيلًا ۝

Fa'ashaa fir'aunur rasuula fa-akhadznaahu akh-dzaw wabiilaa.

17. Kapriye bisane sira taqwa ing Allah, manawa sira tetep kafir anane dina Qiyamat, hiya dina kang nyababake bocah-bocah duwe uwan.

١٧ - فَكَيْفَ تَتَّقُونَ إِن كَفَرْتُمْ يَوْمًا يَجْعَلُ ٱلْوِلْدَٰنَ شِيبًا ۝

Fakaifa tattaquuna in kafartum yaumay yaj'alul wildaana syiibaa.

18. Ing dina iku Langit rusak ajur (karana dina iku) janjining Allah mesthi bakal kalakon.

١٨ - ٱلسَّمَآءُ مُنفَطِرٌۢ بِهِۦ ۚ كَانَ وَعْدُهُۥ مَفْعُولًا ۝

Assamaa-u munfathirum bih, kaana wa'duhuu maf'uulaa.

19. Sanyata dhawuhing Allah iku dadi pepeling, mula sapa wonge kang gelem, mangka sira padha ngambaha dalan kang dadi kaparenging Allah Pangerane.

١٩ - إِنَّ هَٰذِهِۦ تَذْكِرَةٌ ۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلًا ۝

Inna haadzihii tadzkiratun faman syaa-at takhadza ilaa rabbihii sabiilaa.

Pirang-pirang pituduh tumrap ummat Islam.

20. Satemene Pangeranira wus Nguningani manawa sira Shalat wengi nganti tumeka meh rong pratelon, utawa separo wengi, utawa mung saprotelon wengi, PanjenengaNe wus Nguningani manawa sira iku ora bisa ngira-ira waktu satrepe, mula PanjenengaNe nuli paring kaenthengan tumrap sira.[1029]

٢٠ - إِنَّ رَبَّكَ يَعْلَمُ أَنَّكَ تَقُومُ أَدْنَىٰ مِن ثُلُثَيِ ٱلَّيْلِ وَنِصْفَهُۥ وَثُلُثَهُۥ وَطَآئِفَةٌ مِّنَ ٱلَّذِينَ مَعَكَ ۚ وَٱللَّهُ يُقَدِّرُ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ ۚ عَلِمَ أَن لَّن تُحْصُوهُ فَتَابَ عَلَيْكُمْ ۖ فَٱقْرَءُوا۟ مَا تَيَسَّرَ مِنَ ٱلْقُرْءَانِ ۚ

1029) Nyuraos ayat no 1 lan no 20 punika, sarta mahami katerangan Hadist-Hadist Shahih sanesipun para Jumhur Ulama netepaken kangge ummat Islam sholat Tahajjud (wanci dalu) punika Sunnat (lampah kautamen), dene kagem Rasulullah s.a.w. pribadi punika wajib.

Mula, sira padha macaa Quraan endi bae kang sira anggep gampang sabisane! PenjenengaNe Allah wus Nguningani manawa bakal ana kancanira kang nandhang lara, lan ana kang pinuju lelungan golek rezeki kanugrahaning Allah, lan liyane maneh ana kang pinuju perang ambelani (hangrungkebi) AgamaNe Allah. Mula, sira padha macaa Quraan endi bae kang sira anggep gampang, sabisane! Lan padha ngedegna Shalat, aweha Zakat, sarta padha motangana kabecikan marang Allah. Ana dene sarupane kabecikan kang sira dhisikake anggonira nindakake, sira bakal tampa ganjarane ana ing ngarsa dalem Allah luwih becik, sarta luwih agung. Lan sira padha nyuwuna pangapura marang Allah, jalaran satemene Allah iku rena paring pangapura tur Maha Asih!

***)

عَلِمَ أَنْ سَيَكُونُ مِنْكُمْ مَرْضَىٰ وَآخَرُونَ يَضْرِبُونَ
فِي الْأَرْضِ يَبْتَغُونَ مِنْ فَضْلِ اللَّهِ وَآخَرُونَ
يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ فَاقْرَءُوا مَا تَيَسَّرَ مِنْهُ وَ
أَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ وَأَقْرِضُوا اللَّهَ قَرْضًا
حَسَنًا وَمَا تُقَدِّمُوا لِأَنْفُسِكُمْ مِنْ خَيْرٍ تَجِدُوهُ
عِنْدَ اللَّهِ هُوَ خَيْرًا وَأَعْظَمَ أَجْرًا وَاسْتَغْفِرُوا
اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝

Inna rabbaka ya'lamu annaka taquumu adnaa min tsulutsayil laili wa nishfahuu wa tsulutsahuu wa thaa-ifatum minalladziina ma'aka, wallaahu yuqaddirul laila wannahaar, 'alima allan tuh-shuuhu fataaba 'alaikum faqra-uu maa tayassara minal qur-aani, 'alima an sayakuunu minkum mardhaa wa aakharuuna yadhribuuna fil ardhi yabtaghuuna min fadhlillaahi wa aakharuuna yuqaatiluuna fii sabiilillaahi, faqra-uu maa tayassara minhu wa aqiimush shalaata wa aatuz zakaata wa aqridhullaaha qardhan hasanaa, wamaa tuqaddimuu li-anfusikum min khairin tajiduuhu 'indallaahi huwa khairaw wa a'zhama ajraa, wastaghfirullaah, innallaaha ghafuurur rahiim.

***). Intisari lan sasambetaning katerangan wigatos antawisipun surat Al Muzzammil kalayan surat Al Muddatstsir makaten:
1. Ing surat Al Muzzammil dening Allah kadhawuhaken dhumateng Muslimin, supados wungu ing tengah dalu, saperlu nindakaken Shalat Tahajjud lan maos Quraan, jalaran lumantar 'ibadah kados makaten punika Allah badhe paring kekiyatan-jiwa: dene ing surat Al Muddatstsir dhawuhing Allah tumuju sintena ingkang Da'wah supados suci manahipun lan sabar!
2. Kakalihipun sami-sami kawiwitan sarana andangu Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.

AL MUDDATSTSIR (WONG KANG KRUKUP AN)

Surat kaping 74 : 56 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, sawuse surat Al Muzzammil.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. He Muhammad, kang krukuban!

١ - يٰٓاَيُّهَا الْمُدَّثِّرُ ۝

Yaa ayyuhal muddatstsir.

2. Sira tumandanga! banjur elingna ummat manungsa!

٢ - قُمْ فَاَنْذِرْ ۝

Qum fa-andzir.

3. Lan sira angegungna marang Allah Pangeranira.

٣ - وَرَبَّكَ فَكَبِّرْ ۝

Wa rabbaka fakabbir.

4. Sarta sucenana panganggonira.

٤ - وَثِيَابَكَ فَطَهِّرْ ۝

Wa tsiyaabaka fathahhir.

5. Lan sira ngedohana saka panggawe ala.

٥ - وَالرُّجْزَ فَاهْجُرْ ۝

Warrujza fah-jur.

6. Sira aja sok ngundhat-undhat banjur anggunggung kehing (bakal piwales saka) pawewehira

٦ - وَلَا تَمْنُنْ تَسْتَكْثِرُ ۝

Walaa tamnun tastaktsir.

7. Sira disabar (nindakake kuwajiban) karana Pangeranira.

٧ - وَلِرَبِّكَ فَاصْبِرْ ۝

Wa lirabbika fashbir.

8. Jalaran, besuk ing nalika sangkakala wus disebul,

٨ - فَإِذَا نُقِرَ فِي النَّاقُورِ ۝

Fa-idzaa nuqira fin-naaquur.

9. Mangka ana ing dina iku, hiya sawijining dina kang rekasa,

٩ - فَذَٰلِكَ يَوْمَئِذٍ يَوْمٌ عَسِيرٌ ۝

Fadzaalika yauma-idziy yaumun 'asiir.

10. Ora gampang tanggung jawabe tumrap wong kang padha kafir.

١٠ - عَلَى الْكَافِرِينَ غَيْرُ يَسِيرٍ ۝

'Alal kaafiriina ghairu yasiir.

Tumrap wong kang selak ing Agama iku urusane Allah.

11. Muhammad, sumanggakna bae Ingsun piyambak kang ngurus wong kang wus Ingsun titahake![1030]

١١ - ذَرْنِي وَمَنْ خَلَقْتُ وَحِيدًا ۝

Dzarnii waman khalaqtu wahiidaa.

12. Lan wus Ingsun dadekake sugih bandha kang saya tambah-tambah akehe,

١٢ - وَجَعَلْتُ لَهُ مَالًا مَّمْدُودًا ۝

Wa ja'altu lahuu maalam mamduudaa.

13. Lan anak kang akeh, kang padha tansah bebarengan karo dheweke.

١٣ - وَبَنِينَ شُهُودًا ۝

Wa baniina syuhuudaa.

14. Lan dheweke wus Ingsun jembarake kasenengane.

١٤ - وَمَهَّدتُّ لَهُ تَمْهِيدًا ۝

Wa mahhad-tu lahuu tamhiidaa.

15. Dheweke banjur kepingin supaya Ingsun paring tambah akeh maneh.

١٥ - ثُمَّ يَطْمَعُ أَنْ أَزِيدَ ۝

Tsumma yathma'u an aziid.

16. Ora babar pisan bakal Sun tambah! karana dheweke iku banget anggone nulayani Ayat-AyatIngsun, Al Quraan.

١٦ - كَلَّا ۖ إِنَّهُ كَانَ لِآيَاتِنَا عَنِيدًا ۝

Kallaa, innahuu kaana li-aayaatinaa 'aniidaa.

1030. Wiwit ayat punika lan ayat-ayat sasampunipun punika ngengingisatunggaling tiyang kafir Mekkah naminipun Al Walid bin Mughirah.

17. Dheweke bakal Ingsun patrapi siksa kang ngrekasa banget.

١٧ - سَأُرْهِقُهُۥ صَعُودًا ۝

Sa-urhiquhuu sha'uudaa.

18. Satemene dheweke iku wus memikir lan ngrancang, (anggone arep ambalela marang Quraan!).

١٨ - إِنَّهُۥ فَكَّرَ وَقَدَّرَ ۝

Innahuu fakkara wa qaddar.

19. Ananging kaya apa bae rancangane, mesthi kalindhih peper.

١٩ - فَقُتِلَ كَيْفَ قَدَّرَ ۝

Faqutila kaifa qaddar.

20. Banjur gawe maneh rancangan kaya apa bae, mesthi uga bakal kalindhih peper!

٢٠ - ثُمَّ قُتِلَ كَيْفَ قَدَّرَ ۝

Tsumma qutila kaifa qaddar

21. Dheweke isih bae nerusake pamikire, (neja ambatalake Quraan!).

٢١ - ثُمَّ نَظَرَ ۝

Tsumma nazhar.

22. Dumadakan katon mrengut lan raine pucet,

٢٢ - ثُمَّ عَبَسَ وَبَسَرَ ۝

Tsumma 'abasa wa basar.

23. Malah banjur malengos saka kabeneran lan gumedhe,

٢٣ - ثُمَّ أَدْبَرَ وَٱسْتَكْبَرَ ۝

Tsumma adbara was-takbar.

24. Pangucape: "Al Quraan iki, ora ana liya kajaba sihir kang disinahu (saka wong-wong jaman kuna).

٢٤ - فَقَالَ إِنْ هَٰذَآ إِلَّا سِحْرٌ يُؤْثَرُ ۝

Faqaala in haadzaa illaa sihruy yu'tsar.

25. Ora ana liya Quraan iki kajaba mung gunemaning manungsa".

٢٥ - إِنْ هَٰذَآ إِلَّا قَوْلُ ٱلْبَشَرِ ۝

In haadzaa illaa qaulul basyar.

26. Pangandikaning Allah: "Dheweke bakal Ingsun lebokake Neraka Saqar".

٢٦ - سَأُصْلِيهِ سَقَرَ ۝

Sa-ushliihi saqar.

27. Muhammad, apa sira mangerti Neraka Saqar iku apa?

٢٧ - وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا سَقَرُ ۝

Wamaa ad-raaka maa saqar.

28. Neraka Saqar iku Neraka kang ora nganggo ngengehake, lan ora nganggo ora doyan marang barang kang dipakakake marang Neraka mau.[1031]

٢٨ - لَا تُبْقِي وَلَا تَذَرُ ۝

Laa tubqii walaa tadzar.

29. Neraka kang anggosongake kulit.

٢٩ - لَوَّاحَةٌ لِّلْبَشَرِ ۝

Lawwaahatul lilbasyar.

30. Ing kono Malaikat kang jaga sangalas cacahe!

٣٠ - عَلَيْهَا تِسْعَةَ عَشَرَ ۝

'Alaihaa tis'ata 'asyar.

31. Lan Ingsun ora andadekake panjaga juru kunci Neraka iku, kajaba Malaikat kang ora bisa dikalahake dening manungsa, lan Ingsun anggawe cacahing Malaikat panjaga mau, kajaba kanggo nyoba marang wong kang padha kafir. Supaya wong-wong kang padha duwe cecekelan Kitab, lan wong kang padha Mu'min ora bakal mamang maneh! Dene wong kang ana ing atine ana lelarane lan wong-wong kafir padha bakal ngucap: "Apa kersaNe Allah gawe sanepa iki?". Pangandikaning Allah: "Lah, sanepa kaya mangkono iku, Allah nyasarake wong kang disasarake, lan nuduhake wong kang dadi kaparenging karsaNe. Ora ana kang weruh wadyabalaNe Allah Pangeranira, kajaba PanjenengaNe piyambak, lan ora ana carita iki, kajaba dadi pepeling tumrap ummat manungsa!

٣١ - وَمَا جَعَلْنَا أَصْحَابَ النَّارِ إِلَّا مَلَائِكَةً ۙ وَمَا جَعَلْنَا
عِدَّتَهُمْ إِلَّا فِتْنَةً لِّلَّذِينَ كَفَرُوا لِيَسْتَيْقِنَ الَّذِينَ
أُوتُوا الْكِتَابَ وَيَزْدَادَ الَّذِينَ آمَنُوا إِيمَانًا وَلَا يَرْتَابَ
الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ وَالْمُؤْمِنُونَ وَلِيَقُولَ الَّذِينَ فِي
قُلُوبِهِم مَّرَضٌ وَالْكَافِرُونَ مَاذَا أَرَادَ اللَّهُ بِهَٰذَا
مَثَلًا ۚ كَذَٰلِكَ يُضِلُّ اللَّهُ مَن يَشَاءُ وَيَهْدِي مَن
يَشَاءُ ۚ وَمَا يَعْلَمُ جُنُودَ رَبِّكَ إِلَّا هُوَ ۚ وَمَا هِيَ إِلَّا
ذِكْرَىٰ لِلْبَشَرِ ۝

Wamaa ja'alnaa ash-haaban naari illaa malaa-ikataw wamaa ja'alnaa 'iddatahum illaa fitnatal lilladziina kafaruu liyastaiqinalladziina uutul kitaaba wa yazdaadal ladziina aamanuu iimaanaw walaa yartaabal ladziina uutul kitaaba wal mu'minuuna wa liyaquulal ladziina fii quluubihim maradhuw wal kaafiruuna maadzaa araadallaahu bihaadzaa matsalaa, kadzaalika yudhillullaahu may yasyaa-u wa yahdii may-yasyaa-u, wamaa ya'lamu junuuda rabbika illaa huwa, wamaa hiya illaa dzikraa lil basyar.

1031) **Tegesipun punapa kemawon ingkang dipun siksa ing Saqar, sasampunipun ajur-mumur lajeng wetah malih, tumunten terus kasiksa malih, makaten salaminipun.**

Sapa kang nampa Da'wah Islamiyah bakal begja, lan sapa kang maido bakal bilahi!

32. Dieling! demi Rembulan!

٣٢ - كَلَّا وَالْقَمَرِ ۝

Kallaa wal qamar.

33. Demi wengi! nalikane mungkur!

٣٣ - وَاللَّيْلِ إِذْ أَدْبَرَ ۝

Wallaili idzaa adbar.

34. Demi waktu Subuh! nalikane padhang!

٣٤ - وَالصُّبْحِ إِذَا أَسْفَرَ ۝

Washshub-hi idzaa asfar.

35. Sanyata Neraka Saqar iku salah sawijining bilahi gedhe!

٣٥ - إِنَّهَا لَإِحْدَى الْكُبَرِ ۝

Innahaa la-ihdal kubar.

36. Dadi pepeling tumrap ummat manungsa!

٣٦ - نَذِيرًا لِّلْبَشَرِ ۝

Nadziiral lil basyar.

37. Yaiku kanggo kang gelem maju menyang kabecikan, lan kang gelem mundur saka laku dosa!

٣٧ - لِمَن شَاءَ مِنكُمْ أَن يَتَقَدَّمَ أَوْ يَتَأَخَّرَ ۝

Liman syaa-a minkum ay yataqaddama au yata-akhkhar.

38. Saben-saben awak iku tanggung jawab apa kang dadi tumindake.

٣٨ - كُلُّ نَفْسٍ بِمَا كَسَبَتْ رَهِينَةٌ ۝

Kullu nafsim bimaa kasabat rahiinah.

39. Kajaba wong kang nampani Kitab cathetan amal sarana tangan tengen.

٣٩ - إِلَّا أَصْحَابَ الْيَمِينِ ۝

Illaa ash-haabal yamiin.

40. Dheweke bakal padha manggon ana ing Suwarga, padha wawancara karo para mitrane!

٤٠ - فِي جَنَّاتٍ يَتَسَاءَلُونَ ۝

Fii jannaatin, yatasaa-aluun.

41. Nakokake kapriye kahanane kang padha dosa.

٤١ - عَنِ الْمُجْرِمِينَ ۝

'Anil mujrimiin.

42. Malaikat mundhut pirsa marang wong kang padha dosa: "Apa sababe sira kacemplung ing Neraka Saqar?".

٤٢ - مَا سَلَكَكُمْ فِي سَقَرَ ۝

Maa salakakum fii saqar.

43. Wong-wong mau padha mangsuli: "Kula rumiyin boten sami Shalat,

٤٣ - قَالُوا لَمْ نَكُ مِنَ الْمُصَلِّينَ ۝

Qaaluu lam naku minal mushalliin.

44. Tuwin kula rumiyin boten sami nyukani tetedhan dhateng tiyang miskin,

٤٤ - وَلَمْ نَكُ نُطْعِمُ الْمِسْكِينَ ۝

Walam naku nuth'imul miskiin.

45. Lan kula rumiyin sami anglampahi bebatalah sareng-sareng kalayan tiyang ingkang sami nglampahi batal! 1032)

٤٥ - وَكُنَّا نَخُوضُ مَعَ الْخَائِضِينَ ۝

Wa kunnaa nakhuudhu ma'al khaa-idhiin.

46. Lan kula sami maiben dhateng badhe wontenipun dinten Piwales (Qiyamat),

٤٦ - وَكُنَّا نُكَذِّبُ بِيَوْمِ الدِّينِ ۝

Wa kunnaa nukadzdzibu biyaumiddiin.

47. Sahengga kula dumugining pejah".

٤٧ - حَتَّىٰ أَتَانَا الْيَقِينُ ۝

Hattaa ataanal yaqiin.

1032) Kenging punapa tiyang mangertos manawi punika barang batal, teka malah rame-rame nindakaken ingkang batal? Batal tegesipun tumindak nerjang angger-angger Agami utawi Negari; punika kasusipun sami, inggih punika sengaja lumampah barang batal (boten sacara sah). Kosok wangsulipun tumindak ingkang sah utawi leres, bares, beres lan ikhlas punika tumindak mulya lan ageng ganjaranipun! Sumangga para sutrisna kula aturi sawatawis menggalih: **Alam** punika kodrat-iradatipun Allah ingkang **deterministis** (alam murni) ingkang saged diolah lan dipun rebah dening manungsa, statusipun lajeng berebah dados **kabudayan** (cipta, karsa lan karyaning manungsa!). Kados bendu. gan Jatiluhur, seganten wedhi dados ijem riyu-riyu ing Saudi Arabia, bentering bumi dados LNG ing Aru (Aceh) utawi dados rabuk Pusri ing Palembang, lsp. punika sadaya tumindak mulya, damel makmur masarakat lan wajib motivasinipun (utawi nawaitunipun kedah dhedhasar amal shaleh karana Allah) dipun peneraken **kaadilan sosial**. Tiyang Yogyakarta ingkang saking pareden, rekaos mahir dados nelayan kados tiyang

Jepang pesisiran, kosok wangsulipun tiyang Surakarta lan Ngayogyakarta telatos damel batik alusan tur genes! Dados **manungsa** ingkang **indeterministis** (sarwa boten gumathok) dipun watesi dening **Alam** ingkang deterministis. **Bakating manungsa** (dhasar) punika takdiring Allah saking lahir jebrol, ananging kabudayan inggih punika **pendidikan** (panggula wenthah) punika saged ngewahi bakat kala wau. Tiyang ingkang bakat sae, nanging dipun agengaken (kadhidhik) ing lingkungan awon (batal) saged dadosipun gesang nyasar (awon, batal, maksiyat lsp.). Kosokwangsulipun tiyang gadhah bakat awon, nanging wonten ing lingkungan sae, saged dados sae lan gesangipun mursid (sarwa nggenah, pernah, tur damel manfaat). Pramila ngrembag **lingkungan (ekologi)** punika rembag **Alam** lan **Manungsa**, dados trep sanget manawi A'lah SWT anamtokaken bilih "Manungsa iku katitahaken dening Allah dadi khalifah ing Bumi" (surat Al Baqarah ayat: 30), sarta saged dipun damel kasimpulan: I. Kawontenan lingkungan sampun tinekdir makaten punika, ananging akal-budi manungsa saged nindakaken ikhtiyar mbatesi takdir wau, II. Bakat sampun tinekdir makaten wiwit lahir, ananging akal-budi badhe tumindak ikhtiyar mbatesi utawi mekaraken bakat wau. Wangsul dhateng rembag ayat kasebat "anglampahi bebatalan sareng-sareng kalayan tiyang ingkang sami nglampahi batal" punika tetep duraka badhe nampi siksa!

48. Mangka wus ora maedahi maneh tumrap dheweke mau kabeh syafa'at pitulungane wong kang aweh syafa'at pitulung.

٤٨ - فَمَا تَنفَعُهُمْ شَفَاعَةُ الشَّافِعِينَ ۝

Famaa tanfa'uhum syafaa'atusy syaafi'iin.

49. Apa sababe wong-wong kafir mau padha malengos saka pepeling (Allah)?

٤٩ - فَمَا لَهُمْ عَنِ التَّذْكِرَةِ مُعْرِضِينَ ۝

Famaa lahum 'anit tadzkirati mu'ridhiin.

50. Kaya-kaya dheweke iku kaya dene kuldi kang kesit mlayu jalaran kaget.

٥٠ - كَأَنَّهُمْ حُمُرٌ مُّسْتَنفِرَةٌ ۝

Ka-annahum humurum mustanfirah.

51. Kang mlayu jalaran wedi singa!

٥١ - فَرَّتْ مِن قَسْوَرَةٍ ۝

Farrat min qaswarah.

52. Balik satemene, siji-sijining wong kafir iku padha duwe karep dhewe-dhewe, supaya diparingi buku sebaran kang cetha (saka ngarsaning Allah).

٥٢ - بَلْ يُرِيدُ كُلُّ امْرِئٍ مِّنْهُمْ أَن يُؤْتَىٰ صُحُفًا مُّنَشَّرَةً ۝

Bal yuriidu kullum-ri-im minhum ayyu'taa shuhufam mutasysyarah.

53. Tangeh lamun! jalaran sabenere bae dheweke iku ora padha wedi anane dina Akherat.

٥٣ - كَلَّا ۖ بَل لَّا يَخَافُونَ الْآخِرَةَ ۝

Kallaa, bal laa yakhaafuunal aakhirah.

54. Dieling! satemene Quraan iku jejere dadi pepeliNge Allah.

٥٤ - كَلَّا إِنَّهُ تَذْكِرَةٌ ۝

Kallaa innahuu tadzkirah.

55. Sing sapa gelem! tamtu dheweke eling ing Quraan,

٥٥ - فَمَن شَاءَ ذَكَرَهُ ۝

Faman syaa-a dzakarah.

٥٦ - وَمَا يَذْكُرُونَ إِلَّا أَن يَشَاءَ اللَّهُ ۚ هُوَ أَهْلُ التَّقْوَىٰ وَأَهْلُ الْمَغْفِرَةِ ۝

Wamaa yadzkuruuna illaa ay yasyaa-allaah, huwa ahlut taqwaa wa ahlul maghfirah.

56. Lan wong-wong iku ora bakal bisa tampa pepeling, kajaba manawa wus dikarsakake dening Allah. PanjenengaNe iku Dzat kang kudu tansah diajrihi, lan Dzat kang tansah rena paring pangapura!

***)

***). **Sasambetaning katerangan ingkang wigatos sarta intisari saking kakalih surat Al Muddatstsir lan surat Al Qiyaamah makaten:**

1. Wonten ing surat Al Muddatstsir katerangaken bilih titiyang kafir maiben Kitab Quraan, dene surat Al Qiyaamah, Allah ingkang tanggel-jawab lestantunipun Al Quraan wonten ing apalanipun Rasulullah s.a.w. sarta mucalaken waosanipun, artosipun lan cara nindakaken dhawuhing Allah wau!

2. Ing surat Al Muddatstsir katerangaken manawi titiyang kafir punika, dipuna terangaken kados pundi kemawon, boten badhe iman ing dinten Akhir (Qiyaamah) lan pancen ngiwi-iwi boten ajrih, dene surat Al Qiyaamah, Allah anerangaken bilih dinten Qiyamat punika mesthi kalampahan lan katerangan bukti-buktinipun badhe mesthi Qiyamat!

AL QIYAAMAH (DINA QIYAMAT)

Surat kaping 75 : 40 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Qaari'ah.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

١ - لَآ اُقْسِمُ بِيَوْمِ الْقِيٰمَةِ ۝

Laa uqsimu biyaumil qiyaamah.

1. Temen Ingsun sumpah kalawan dina Qiyamat.

٢ - وَلَآ اُقْسِمُ بِالنَّفْسِ اللَّوَّامَةِ ۝

Walaa uqsimu binnafsil lawwaamah.

2. Lan temen Ingsun supata kalawan jiwa kang nyanyacad (nalangsa anggetuni awake dhewe!).[1033]

1033) Wonten ing 'alam Islam piwulang (doktrin) bab akhlaq wau sampun kababar dados kawruh ingkang madeg piyambak, ingkang panjang-punjung ajembar-wiyar. Tegesipun para Pujangga Islam kathah ingkang sampun ngarang kitab maneka-warni ingkang anerangaken piwulang akhlaq wau. Sawenehipun wonten ingkang mastani kawruh **Akhlaq** (Budi-pakerti), kawruh **Tasawuf**, kawruh **Tahdziibunnufus** (panggula-wenthahing jiwa) utawi sanes-sanesipun. Cara panganggitipun wonten ingkang kalambaran filosofi, wonten ingkang namung mligi piwulang pakerti, wonten ingkang kadhasaraken sarta kagandhengaken kaliyan Agami. Inggih punika ingkang sakalangkung permati, amargi murakabi sarta nyadayani. Kados ingkang sampun kaluka, pakerti punika wonten ingkang sae, wonten ingkang awon; lan awon saenipun wau gumantung dhateng awon saening jiwa (nafsu) ingkang ngebahaken. Saking punika pakerti punika saged ewah gingsir utawi molah malih sabab dening ewah gingsiring jiwa. Lan jiwa wau kados ingkang sampun gumelar ing Donya wonten ing gesanging Bangsa, utawi satunggal-satunggaling manungsa, saged ewah gingsir kabekta saking ewah-ewahing kawontenan ingkang mahanani ing jiwa. Kadosta kawontenaning pendidikan, pasinaon, ombak umbuling gesang, molah malihing panggesangan, beda-bedaning jaman, sontan santuning kasenengan (hobi) sapiturutipun, punika sadaya saged malihaken lampahing pakerti! Mung kemawon pakerti ingkang sampun manjing konjem utawi nyakot, punika pancen inggih angel sanget ewah-ewahanipun, beda kaliyan ingkang taksih kumambang. Ewa samanten manawi pamarsudinipun dipuntemeni yektos, mesthi inggih badhe onggreh saged ewah! Dening para Pujangga Islam ahli ngrembag Akhlaq utawi Pakerti, drajatipun jiwa punika saged kaperang dados tiga: 1. Derajat **Ammarah** (ngajak-ajak awon), kados dhawuhing Quraan, surat Yusuf ayat 53 "**Innannafsa la ammaaratum bissuu'i**", artosipun : "Sanyata, nafsu (jiwa) iku gawene ngojok-ojoki marang laku ala". Punika drajat asor piyambak, tegesipun taksih kagubed sifat **hayawaniyah** (kewan) tuwin **syaithaniyah** (setan), asifat menda, singa barong lan asifat watak wantuning Iblis utawi Idajil, kadosta julig, jail, pukil, methakil, cethil, melikan tur murka; kodo, buteng, kakon-aten, brangasan, cengkiling lan ambeg siya; nguthuh, mblubud, rakus boten gadhah miranggan; anggak, kemalungkung, pambegan, adigang-adigung-adiguna, ngedir-edir-aken! 2. **Derajat Lawwaamah** (nelangsa, nenutuh), kados dhawuhing Quran, surat Al Qiyaamah ayat 2 kasebat nginggil, ingkang artosipun: "Lan temen Ingsun ora supata kalawan jiwa kang nyanyacad (nalangsa anggetuni awake dhewe!)." Punika drajat tengahan, tegesipun

3. Apa para manungsa iku duwe pangira manawa Ingsun ora Kuwasa nglumpukake balung-balunge?

٣ - أَيَحْسَبُ الْإِنسَانُ أَلَّن نَّجْمَعَ عِظَامَهُ ۝

Ayahsabul insaanu allan najma'a 'izhaa-mah.

4. Dudu mangkono! sanyata Ingsun iku Kuwasa ambalekake mernata maneh, sanajan balung-balung pucuking driji, Ingsun Kuwasa ambalekake sampurna!

٤ - بَلَىٰ قَادِرِينَ عَلَىٰ أَن نُّسَوِّيَ بَنَانَهُ ۝

Balaa qaadiriina 'alaa an nusawwiya banaanah.

5. Nanging, malah para manungsa iku kang padha duwe karep nerusake maksiyat terus-terusan.

٥ - بَلْ يُرِيدُ الْإِنسَانُ لِيَفْجُرَ أَمَامَهُ ۝

Bal yuriidul insaanu liyafjura amaamah.

6. Dheweke pitakon: "Dinten Qiyamat punika benjing punapa?".

٦ - يَسْأَلُ أَيَّانَ يَوْمُ الْقِيَامَةِ ۝

Yas-alu ayyaana yaumul qiyaamah.

7. Pangandikaning Allah: "Nalika pandeleng padha ambelalak wedi,

٧ - فَإِذَا بَرِقَ الْبَصَرُ ۝

Fa-idzaa bariqal bashar.

8. Lan nalikane Rembulan wus ilang cahyane,

٨ - وَخَسَفَ الْقَمَرُ ۝

Wa khasafal qamar.

9. Nuli Srengenge lan Rembulan nglumpuk dadi siji".

٩ - وَجُمِعَ الشَّمْسُ وَالْقَمَرُ ۝

Wa jumi'asy syamsu wal qamar.

10. Ana ing dina iku manungsa padha ngucap: "Mlayu menyang ngendi aku iki!".

١٠ - يَقُولُ الْإِنسَانُ يَوْمَئِذٍ أَيْنَ الْمَفَرُّ ۝

Yaquulul insaanu yauma-idzin ainal mafar.

---

sampun radi alus, sampun saged kaduwung, getun sarta nalangsa yen ngantos nglampahi awon anrajang dosa. Lajeng ngonggo-onggo sarta nenutuh awakipun piyambak, saha nanacad akalipun anggenipun ringkih apes, boten saged mepeg syahwatipun lan ghadhabipun (muring adrengipun), satemah dhumawah ing dosa lampah saru tur ina! Supados saged minggah drajat nginggilipun malih tumuntena tobat ing Allah ngrumaosi kalepatanipun, sarana dhedhepe ing Allah sarta ngajeng-ajeng Sih pangapuntenipun, lan lampah awon wau enggal katutupana amal kasaenan! 3. Derajat Muthmainnah (jiwa alus kasinungan watakipun Malaikat) kados dhawuhing Quraan, surat Al Fajr ayat 27 - 30 „Yaa ayyuhan nafsul muthma-innah, irji'ii ilaa rabbiki raadhiyatam mardhiyyah, fadkhulii fii 'ibaadii, wadkhulii jannatii", artosipun: „He sira jiwa kang anteng! Mara enggal sowana ngadhep marang ngarsaNe Pangeranira, sarana rena tur direnani. Lan mlebua (kumpula) ana ing golongane para kawula kakasihing Sun lan mlebua SuwargaNingsun". Punika drajat jiwa ingkang inggil piyambak. Gesangipun sampun tentrem, boten goreh lan boten kasrimpet-srimpet sarta kacencang ing kabutuhaning badan (kamompyoran lan kadrajatan). Idham-idhamanipun namung nuju dhateng kaleresan, kasaenan utawi kautamen. Boten pamrih pameran utawi sesongaran, ananging punapa sasolah-bawanipun namung murni muhung karana Allah Ingkang Mahasuci Pepundhen ingkang dipun aji-aji lan dipun tresnani. Sumangga amersudia drajat ingkang makaten punika, sarta nuladha andherek tindak dalem Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.

11. Pangandikaning Allah: "Aja mangkono! temen samengko wus ora ana pangungsen maneh!".

١١ - كَلَّا لَا وَزَرَ ۝

Kallaa laa wazar.

12. Ing dina iku manungsa padha seba, sowan ana ngarsa dalem Allah Pangeranira.

١٢ - إِلَىٰ رَبِّكَ يَوْمَئِذٍ الْمُسْتَقَرُّ ۝

Ilaa rabbika yauma-idzin(il) mustaqar.

13. Uga ing dina iku manungsa padha diwenehi weruh apa lalakone kang dhisik lan kang kari.

١٣ - يُنَبَّأُ الْإِنسَانُ يَوْمَئِذٍ بِمَا قَدَّمَ وَأَخَّرَ ۝

Yunabba-ul insaanu yauma-idzim bimaa qaddama wa akhkhar.

14. Satemene manungsa iku harak luwih awas marang lalakone awake dhewe. [1034]

١٤ - بَلِ الْإِنسَانُ عَلَىٰ نَفْسِهِ بَصِيرَةٌ ۝

Balil insaanu 'alaa nafsihii bashiirah.

15. Sanajana dheweke padha ngaturake kabeh alang ujure, iku ora bakal ditampa!

١٥ - وَلَوْ أَلْقَىٰ مَعَاذِيرَهُ ۝

Walau alqaa ma'aadziirah.

Tertib Ayat-ayat sarta surat-surat ing Quraan iku miturut katamtuaNe Allah

16. He Muhammad, sira aja pijer angobahake lesanira, kasusu arep maca wahyu Al Quraan kang lagi bae kadhawuhake, supaya dang mangerti! [1035]

١٦ - لَا تُحَرِّكْ بِهِ لِسَانَكَ لِتَعْجَلَ بِهِ ۝

Laa tuharrik lisaanaka lita'jala bih.

17. Satemene Ingsun kang ngumpulake surasane wahyu iku ana ing atinira, lan andadekake sira pinter maca.

١٧ - إِنَّ عَلَيْنَا جَمْعَهُ وَقُرْآنَهُ ۝

Inna 'alainaa jam'ahuu wa qur-aanah.

18. Mangka manawa wus rampung anggon-Ingsun maca wahyu mau, sira banjur nirokna maca.

١٨ - فَإِذَا قَرَأْنَاهُ فَاتَّبِعْ قُرْآنَهُ ۝

Fa-idzaa qara'naahu fattabi' qur-aanah.

١٩ - ثُمَّ إِنَّ عَلَيْنَا بَيَانَهُ ۝

1034) Sadaya anggota badaning manungsa saged langkung petitis dados saksi sadaya solah bawanipun, makaten kados ingkang kaweca ing surat Nur ayat: 24.

1035). Mirsanana surat Thaha ayat: 114, ingkang suraosipun kados ing ayat: 18 surat punika.

19. Nuli, sanyata dadi tanggunganIngsun piyambak katerangane wahyu mau.

Tsumma inna 'alainaa bayaanah.

20. Aja pisan-pisan kasusu! Ananging he manungsa! sira padha dhemen panguripan Donya saiki iki.

٢٠ - كَلَّا بَلْ تُحِبُّوْنَ الْعَاجِلَةَ ۝

Kallaa bal tuhibbuunal 'aajilah.

21. Lan ninggal panguripan ing Akherat.

٢١ - وَتَذَرُوْنَ الْاٰخِرَةَ ۝

Wa tadzaruunal aakhirah.

22. Ana ing dina Qiyamat iku, pasuryaning para wong Mu'min padha mancorong!

٢٢ - وُجُوْهٌ يَّوْمَئِذٍ نَّاضِرَةٌ ۝

Wujuuhuy yauma-idzin naadhirah.

23. Andeleng marang Allah PangeraNe.

٢٣ - اِلٰى رَبِّهَا نَاظِرَةٌ ۝

Ilaa rabbihaa naazhirah.

24. Lan ing dina iku raine wong kafir padha pucet.

٢٤ - وَوُجُوْهٌ يَّوْمَئِذٍ بَاسِرَةٌ ۝

Wa wujuuhuy yauma-idzim baasirah.

25. Padha ngira yen bakal padha nemahi bebaya gedhe.

٢٥ - تَظُنُّ اَنْ يُّفْعَلَ بِهَا فَاقِرَةٌ ۝

Tazhunnu ay-yuf'ala bihaa faaqirah.

Kahanane manungsa manawa sakaratul maut.

26. Dieling (aja mung kasengsem ing Donya)! manawa nyawa wus tekan tenggok.

٢٦ - كَلَّآ اِذَا بَلَغَتِ التَّرَاقِيَ ۝

Kallaa idzaa balaghatit taraaqii.

27. Lan wus diucapake: "Sapa kang bisa marasake marang wong iku?".

٢٧ - وَقِيْلَ مَنْ ۜ رَاقٍ ۝

Wa qiila man - raaq.

28. Lan dheweke mangerti waktu iku wus titi mangsane ninggalake Donya.

٢٨ - وَّظَنَّ اَنَّهُ الْفِرَاقُ ۝

Wa zhanna annahul firaaq.

29. Sikil kang siji wus gathuk karo sikil sijine maneh.[1036]

٢٩ - وَالْتَفَّتِ السَّاقُ بِالسَّاقِ ۝

Waltaffatis saaqu bissaaq.

30. Ing dina iku, wong-wong iku padha disowanake marang ngarsa dalem Allah Pangerane.

٣٠ - إِلَىٰ رَبِّكَ يَوْمَئِذٍ الْمَسَاقُ ۝

ilaa rabbika yauma-idzin(il) masaaq.

31. Dheweke wong kafir ora ngestokake (Rasul lan Quraan) lan ora Shalat.

٣١ - فَلَا صَدَّقَ وَلَا صَلَّىٰ ۝

Falaa shaddaqa walaa shallaa.

32. Ananging maido lan malengos (saka kabeneran).

٣٢ - وَلَٰكِن كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ ۝

Walaakin kadzdzaba watawallaa.

33. Banjur bali menyang panggonane ahline karo gumedhe.

٣٣ - ثُمَّ ذَهَبَ إِلَىٰ أَهْلِهِ يَتَمَطَّىٰ ۝

Tsumma dzahaba ilaa ahlihii yatamaththaa.

34. Bilahi tumrap sira kabeh wong kafir, lan bilahi tumrap sira kabeh.

٣٤ - أَوْلَىٰ لَكَ فَأَوْلَىٰ ۝

Aulaa laka fa-aulaa.

35. Temen, bilahi tumrap sira kabeh wong kafir, lan bilahi tumrap sira kabeh.[1037]

٣٥ - ثُمَّ أَوْلَىٰ لَكَ فَأَوْلَىٰ ۝

Tsumma aulaa laka fa-aulaa.

Manungsa katitahake dening Allah ora muspra tanpa piguna!

36. Apa manungsa duwe pangira manawa dheweke iku ora tanggung jawab (ora diperdi)?

٣٦ - أَيَحْسَبُ الْإِنسَانُ أَن يُتْرَكَ سُدًى ۝

Ayahsabul insaanu ay yut-raka sudaa.

1036). Jalaran saka bangeting lara nalika sakaratul maut, lan wedi pepisahan karo Donya sarta nratap ngadhepi Akherat.

1037) Bebenduning Allah dhateng tiyang kafir punika tansah dipun wongsal-wangsuli: 1. ing nalika badhe pejah (sakaratul maut), 2. wonten kubur, 3. badhe tangi saking kubur, 4. kalebetaken Neraka Jahanam.

٣٧ - اَلَمْ يَكُ نُطْفَةً مِّنْ مَّنِيٍّ يُّمْنٰى ۝

37. Manungsa iku apa ora saka banyu mani kang diwutahake ana ing rahim ibu.

Alam yaku nuthfatam mim maniyyin yumnaa.

٣٨ - ثُمَّ كَانَ عَلَقَةً فَخَلَقَ فَسَوّٰى ۝

38. Banjur dadi getih kenthel, lan banjur didadekake makhluk manungsa kang sampurna.

Tsumma kaana 'alaqatan fakhalaqa fasawwaa.

٣٩ - فَجَعَلَ مِنْهُ الزَّوْجَيْنِ الذَّكَرَ وَالْاُنْثٰى ۝

39. Allah nuli amujudake anak turune wong iku jejodhohan, lanang lan wadon.

Faja'ala minhuz zaujainidz dzakara wal untsaa.

٤٠ - اَلَيْسَ ذٰلِكَ بِقٰدِرٍ عَلٰٓى اَنْ يُّحْيِۦَ الْمَوْتٰى ۝

40. Apa dudu Allah kang Kuwasa nitahake manungsa saka banyu mani satetes mau, Kuwasa uga nguripake wong kang wus mati. ***)

Alaisa dzaalika biqaadirin 'alaa ayyuhyiyal mautaa.

***) Intisari lan sasambetaning katerangan wigatos saking kakalih surat Al Qiyaamah lan surat Al Insaan (Manungsa) andharanipun makaten:

1. Kakalihipun sami-sami nerangaken bilih Allah nacad tiyang ingkang kapencut Kadonyan ngantos kasupen Akheratipun.
2. Ing surat Al Qiyaamah katerangaken gegeran ingkang sakalangkung anggegirisi badhe kadadosan benjing ing dinten Qiyamat, sarta 'azab siksa Neraka ingkang ngajrih-ajrihi tumrap papanipun langgeng titiyang kafir, dene wonten ing surat Al Insaan nerangaken badhe sakeca lan eca manggen ing Suwarga tur langgeng, tumrap titiyang ingkang taqwa sarta bekti dhedhepe ing Allah SWT.
3. Ing surat Al Qiyaamah dipun pungkasi pepenget utama tumrap para manungsa, supados nlusuri ing slira pribadi, kados pundi asal-usulipun dumadining jiwa-raga piyambak, dene wonten ing surat Al Insaan dipun wiwiti katerangan bab kasebat sarta candhakipun tuntunan Agami ingkang saged ngambah margi ingkang leres, inggih margi ingkang dumugi ing ngarsa dalem Allah Pangeran ingkang Maha Murah, Maha Asih!

AL INSAAN (MANUNGSA)

Surat kaping 76 : 31 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat Ar Rahmaan.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

Proses kadadeaning manungsa.

١ - هَلْ اَتٰى عَلَى الْاِنْسَانِ حِيْنٌ مِّنَ الدَّهْرِ لَمْ يَكُنْ شَيْـًٔا مَّذْكُوْرًا ۝

Hal ataa 'alal insaani hiinum minaddahri lam yakun syai-am madzkuuraa.

1. Apa durung teka marang manungsa sawijining mangsa saka mangsa, ing mangka nalika iku dheweke durung maujud sawiji barang kang bisa disebutake, yaiku asale ora ana, banjur ana!

٢ - اِنَّا خَلَقْنَا الْاِنْسَانَ مِنْ نُّطْفَةٍ اَمْشَاجٍ نَّبْتَلِيْهِ فَجَعَلْنٰهُ سَمِيْعًا بَصِيْرًا ۝

Innaa khalaqnal insaana min nuthfatin amsyaajin nabtaliihi faja'alnaahu samii-'am bashiiraa.

2. Sanyata Ingsun wus anyipta tumitahing manungsa iku saka satetes banyu mani kang campur banyu rahim Ibu, kang besuke Ingsun bakal teter sarana parentah lan pepacuh, mula saka iku dheweke Sun dadekake bisa krungu lan sumurup.

٣ - اِنَّا هَدَيْنٰهُ السَّبِيْلَ اِمَّا شَاكِرًا وَّاِمَّا كَفُوْرًا ۝

Innaa hadainaahus sabiila immaa syaakiraw wa immaa kafuuraa.

3. Sanyata Ingsun wus paring pituduh ing manungsa marang dalan bener, ana wong kang gelem syukur, lan ana uga kang kafir.

٤ - اِنَّا اَعْتَدْنَا لِلْكٰفِرِيْنَ سَلٰسِلَا۠ وَاَغْلٰلًا وَّسَعِيْرًا ۝

Innaa a'tadnaa lilkaafiriina salaasila wa aghlaalaw wa sa'iiraa.

4. Ingsun yekti wus nyadhiakake kanggo wong kafir kabeh rante lan belenggu, sarta maneh Neraka Sa'ir.

Ganjaraning Allah kaparingake wong kang amal kabecikan, sarta namtokake pangkat-pangkate ganjaran.

5. Sanyata wong kang padha becik iku bakal padha ngombe omben-omben kang dicampuri banyu kafur, kang winadhahan ing gelas!

٥ - إِنَّ الْأَبْرَارَ يَشْرَبُونَ مِن كَأْسٍ كَانَ مِزَاجُهَا كَافُورًا ٥

Innal abraara yasyrabuuna min ka'sin kaana mizaajuhaa kaafuuraa.

6. Banyu kafur yaiku sumber ing Suwarga,[1038] kang saka sumber mau titahing Allah padha ngombe, kang padha diwenangake wong-wong Mu'min mau ngilekake sumberan mau.

٦ - عَيْنًا يَشْرَبُ بِهَا عِبَادُ اللَّهِ يُفَجِّرُونَهَا تَفْجِيرًا ٥

'Ainay yasyrabu bihaa 'ibaadullaahi yufajjiruu nahaa tafjiiraa.

7. Yaiku wong kang padha gelem nuhoni nadzare, lan wedi ing dina kang bakal ngawut-awut laku jala!

٧ - يُوفُونَ بِالنَّذْرِ وَيَخَافُونَ يَوْمًا كَانَ شَرُّهُ مُسْتَطِيرًا ٥

Yuufuuna binnadzri wa yakhaafuuna yauman kaana syarruhuu mustathiiraa.

8. Lan dheweke padha gelem aweh pangan kang disenengi marang wong miskin, marang bocah yatim, lan marang wong kang ditawan.

٨ - وَيُطْعِمُونَ الطَّعَامَ عَلَىٰ حُبِّهِ مِسْكِينًا وَيَتِيمًا وَأَسِيرًا ٥

Wa yuth'imuunath tha'aama 'alaa hubbihii miskiinaw wa asiiraa.

9. Pangucape wong iku: "Satemene anggonku aweh pangan ing sira iku mung karana Allah, ora ngarep-arep supaya sira wales utawa sira puji.

٩ - إِنَّمَا نُطْعِمُكُمْ لِوَجْهِ اللَّهِ لَا نُرِيدُ مِنكُمْ جَزَاءً وَلَا شُكُورًا ٥

Innamaa nuth'imukum liwajhil-laahi laa nuriidu minkum walaa syukuuraa.

10. Satemene aku padha wedi siksaning Allah Pangeranku, ana ing dina kang mrengutake sarta nggegirisi banget.

١٠ - إِنَّا نَخَافُ مِن رَّبِّنَا يَوْمًا عَبُوسًا قَمْطَرِيرًا ٥

Innaa nakhaafu mir-rabbinaa yauman 'abuusan qamthariiraa.

1038) Toya kafur punika sumbering toya pethak ingkang sedhep ing ganda sarta eca ing raos.

11. Allah nuli angreksa marang wong mau saka siksane dina iku, sarta PanjenengaNe nemokake wong mau ing kanugrahan kang madhangake pasuryane lan paring kabungahan.

١١- فَوَقٰىهُمُ اللّٰهُ شَرَّ ذٰلِكَ الْيَوْمِ وَلَقّٰىهُمْ نَضْرَةً وَّسُرُوْرًا ۝

Fawaqaahumul-laahu syarra dzaalikal yauma wa laqqaahum nadhrataw wa suruuraa.

12. Lan PanjenengaNe Allah angganjar wong mau jalaran anggone wus padha sabar, Sun ganjar Suwarga lan sandhangan sarwa sutra.

١٢- وَجَزٰىهُمْ بِمَا صَبَرُوْا جَنَّةً وَّحَرِيْرًا ۝

Wa jazaahum bimaa shabaruu jannataw wa hariiraa.

13. Ana ing jero Suwarga padha lungguh leleyangan ana ing katil (dhipan), ora padha kena panasing Srengenge lan ora padha kena adhem kang njejet.

١٣- مُّتَّكِـِٕيْنَ فِيْهَا عَلَى الْاَرَآئِكِ ۚ لَا يَرَوْنَ فِيْهَا شَمْسًا وَّلَا زَمْهَرِيْرًا ۝

Muttaki-iina fiihaa 'alal araa-iki laa yarauna fiihaa syamsaw walaa zamhariiraa.

14. Wong-wong mau tansah padha keyuban, dene woh-wohan ing kakayone Suwarga iku sarwa kena diranggeh gampang.

١٤- وَدَانِيَةً عَلَيْهِمْ ظِلٰلُهَا وَذُلِّلَتْ قُطُوْفُهَا تَذْلِيْلًا ۝

Wa daaniyatan 'alaihim zhilaaluhaa wa dzullilat quthuufuhaa tadzliilaa.

15. Lan padha diladeni omben - omben kang padha diwadhahi kalawan wadhah selaka, sarta diwadhahi kalawan tuwung kang bening kaya kaca.

١٥- وَيُطَافُ عَلَيْهِمْ بِاٰنِيَةٍ مِّنْ فِضَّةٍ وَّاَكْوَابٍ كَانَتْ قَوَارِيْرَا ۝

Wa yuthaafu 'alaihim bi-aaniyatim min fidhdhatiw wa akwaabin kaanat qawaariiraa.

16. Yaiku kaca-kaca kang ginawe saka salaka perak kang isine diukur sarana mathis.

١٦- قَوَارِيْرَا مِنْ فِضَّةٍ قَدَّرُوْهَا تَقْدِيْرًا ۝

Qawaariira min fidhdhatin qaddaruuhaa taqdiiraa.

17. Lan ana ing Suwarga kono padha diparingi pangomben kang diwori jahe, winadhahan ing gelas.

١٧- وَيُسْقَوْنَ فِيْهَا كَاْسًا كَانَ مِزَاجُهَا زَنْجَبِيْلًا ۝

Wa yusqauna fiihaa ka'san kaana mizaajuhaa zanjabiilaa.

18. Yaiku sumber ana ing Suwarga kang arane Salsabil.

١٨- عَيْنًا فِيْهَا تُسَمّٰى سَلْسَبِيْلًا ۝

'Ainan fiihaa tusammaa salsabiilaa.

19. Lan wong-wong ahli Suwarga kono padha diladeni dening sinoman (pramugari) kang langgeng enome, saben-saben sira nyawang sinoman (pramugari) mau sira sengguh barlian kang pating slebar!

١٩ - وَيَطُوفُ عَلَيْهِمْ وِلْدَانٌ مُّخَلَّدُونَ ۖ إِذَا رَأَيْتَهُمْ حَسِبْتَهُمْ لُؤْلُؤًا مَّنثُورًا ۝

Wa yathuufu 'slaihim wildaanum mukhalladuuna idzaa ra-aitahum hasibtahum lu'lu-am mantsuuraa.

20. Lan nalikane sira sumurup kahanan Suwarga kono, sira sumurup dhewe kani' matan lan Kraton kang agung.

٢٠ - وَإِذَا رَأَيْتَ ثَمَّ رَأَيْتَ نَعِيمًا وَمُلْكًا كَبِيرًا ۝

Wa-idzaa ra-aita tsamma ra-aita na'iimaw wa mulkan kabiiraa.

21. Dheweke para ahli Suwarga iku padha diparingi panganggo sutra ijo, ana kang tipis lan ana kang kandel, sarta padha dipaesi gelang perak selaka, lan diparingi ombenomben kang suci dening PanjenengaNe Allah PangeraNe.

٢١ - عَالِيَهُمْ ثِيَابُ سُندُسٍ خُضْرٌ وَإِسْتَبْرَقٌ ۖ وَحُلُّوا أَسَاوِرَ مِن فِضَّةٍ وَسَقَاهُمْ رَبُّهُمْ شَرَابًا طَهُورًا ۝

'Aaliyahum tsiyaabu sundusin khudhruw wa istabraquw wa hulluu asaawira min fidhdhatin wa saqaahum rabbuhum syaraaban thahuuraa.

22. Sanyata ganjaran kang mangkene iki, minangka piwalese tindak - tandukira, lan kalakuanira kang pinuji.

٢٢ - إِنَّ هَٰذَا كَانَ لَكُمْ جَزَاءً وَكَانَ سَعْيُكُم مَّشْكُورًا ۝

Inna haadzaa kaana lakum jazaa-aw wa kaana sa'yukum masykuuraa.

Allah paring pirang-pirang tuntunan marang Muhammad s.a.w.

23. Sayekti Ingsun wus anurunake Kitab Quraan marang sira Muhammad, sarana saka sathithik mbaka sathithik.

٢٣ - إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ الْقُرْآنَ تَنزِيلًا ۝

Innaa nahnu nazzalnaa 'alaikal quraana tanziilaa.

24. Mula, sira disabar anggonira ngetrapake hukum pernataning Pangeranira, lan aja nganti sira manut saka ummatira kang duraka, utawa kang kafir.

٢٤ - فَاصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ وَلَا تُطِعْ مِنْهُمْ آثِمًا أَوْ كَفُورًا ۝

Fashbir lihukmi rabbika walaa tuthi' minhum aatsiman au kafuuraa.

25. Lan sira tansah nyebuta Asmaning Allah Pangeranira, ana ing wayah esuk lan sore.

٢٥ - وَاذْكُرِ اسْمَ رَبِّكَ بُكْرَةً وَأَصِيلًا ۝

Wadzkurisma rabbika bukrataw wa a shiilaa.

26. Lan saka saperanganing wayah wengi sira sujuda marang PanjenengaNe, lan maha nucekna Asmaning Allah ana ing wayah wengi sawatara suwe.

٢٦ - وَمِنَ الَّيْلِ فَاسْجُدْ لَهُ وَسَبِّحْهُ لَيْلًا طَوِيلًا ۝

Wa minal-laili fas-jud lahuu wa sabbih-hu lailan thawiilaa.

27. Sajatine wong-wong kafir iku padha seneng panguripan Donya, lan dheweke ora padha mikir merduli dina pakewuh gedhe ing Akherat.

٢٧ - إِنَّ هَٰؤُلَاءِ يُحِبُّونَ الْعَاجِلَةَ وَيَذَرُونَ وَرَاءَهُمْ يَوْمًا ثَقِيلًا ۝

Inna haa-ulaa-i yuhibbuunal 'aajilata wa yadzaruuna waraa-ahum yauman tsa-qiilaa.

28. Ingsun wus nitahake wong-wong iku kabeh kanthi Ingsun kuwatake sambungane ros-rosaning ragane, nanging manawa dadi kaparenging karsanIngsun angganti titah liyane kang madhani wong iku kabeh, mesthi kalakon!

٢٨ - نَحْنُ خَلَقْنَاهُمْ وَشَدَدْنَا أَسْرَهُمْ وَإِذَا شِئْنَا بَدَّلْنَا أَمْثَالَهُمْ تَبْدِيلًا ۝

Nahnu khalaqnaahum wa syadadnaa asrahum wa-idzaa syi'naa baddalnaa amtsaalahum tabdiilaa.

29. Sanyata Ayat-ayat iki sawijining pepeling universal, sing sapa bae gelem, ngalapa dalan tumuju ngarsa dalem Allah Pangerane.

٢٩ - إِنَّ هَٰذِهِ تَذْكِرَةٌ فَمَنْ شَاءَ اتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِ سَبِيلًا ۝

Inna haadzihii tadzkirah, faman syaa-at takhadza ilaa rabbihii sabiilaa.

30. Ananging sira ora padha duwe karep (ing pepeling mau), kajaba manawa Allah wus amarengake. Satemene Allah iku Maha Nupiksa lan Maha Wicaksana.

٣٠ - وَمَا تَشَاءُونَ إِلَّا أَنْ يَشَاءَ اللَّهُ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلِيمًا حَكِيمًا ۝

Wamaa tasyaa-uuna illaa ay-yasyaa-allaah innallaaha kaana 'aliiman hakiimaa.

31. PanjenengaNe nglebokake wong kang dadi kaparenging karsaNe ana ing Rahmate, lan wong kang padha nganiaya iku wus kacawisan siksa kang nglarani.

***)

٣١ - يُدْخِلُ مَنْ يَشَاءُ فِي رَحْمَتِهِ وَالظَّالِمِينَ أَعَدَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ۝

Yud-khilu may-yasuaa-u fii rahmatih, wazhzhaalimiina a'adda lahum 'adzaaban aliimaa.

***). Sasambetaning katerangan ingkang wigatos saking kakalihipun surat Al Insaan lan surat Al Mursalaat (Para Malaikat kang kautus):
1. Surat Al Insaan suka katerangan sakcara umum mula-bukanipun tumitahing manungsa, dene wonten ing surat Al Mursalaat langkung gamblang malih.
2. Ing surat Al Insaan nerangaken bilih ancamanipun Allah punika tumrap titiyang ingkang duraka, dene wonten ing surat Al Mursalaat, Allah sumpah bilih sadaya ancaman wau mesthi badhe kapatrapaken ing titiyang duraka.

AL MURSALAAT (PARA MALAIKAT KANG KAUTUS)

Surat kaping 77 : 50 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Humazah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Situasi lan kondisining para manungsa ing dina Kaputusan Agung.

1. Demi para Malaikat kang kautus ngampil printah dhawuhing Allah kang (iring-iringan nyebar) ngratakake kabecikan.

١ - وَالْمُرْسَلٰتِ عُرْفًا ۝

Wal mursalaati 'urfaa.

2. Lan para Malaikat kang mabur rikat banget.

٢ - فَالْعٰصِفٰتِ عَصْفًا ۝

Fal'aashifaati 'ashfaa.

3. Lan para Malaikat kang nyebarake Rahmating Allah kalawan rata.[1039)]

٣ - وَالنّٰشِرٰتِ نَشْرًا ۝

Wannaasyiraati nasyraa.

4. Lan para Malaikat kang ambedakake antarane hak lan batal kalawan cetha (sarana gamblang)!

٤ - فَالْفٰرِقٰتِ فَرْقًا ۝

Falfaariqaati farqaa.

5. Lan para Malaikat kang kautus ngampil wahyu marang para andika Rasul.

٥ - فَالْمُلْقِيٰتِ ذِكْرًا ۝

Falmulqiyaati dzikraa.

٦ عُذْرًا اَوْ نُذْرًا ۝

'Udzran au nudzraa.

1039) **Saweneh Ulama Tafsir anerangaken: suraosing ayat Allah paring jawah lumantar angin ingkang mbekta mendhung.**

6. Minangka kaparenging Allah nampa persaben (saka wong temen), utawa kanggo pepeling (marang wong kang laku batal).

٧ - إِنَّمَا تُوعَدُونَ لَوَاقِعٌ ۝

7. „Sanyata siksa apa kang diancamake ing sira iku mesthi kalakon".

Innamaa tuu'aduuna lawaaqi'.

٨ - فَإِذَا النُّجُومُ طُمِسَتْ ۝

8. Yaiku ing nalika Lintang-lintang wus dilebur,

Fa-idzannujuumu thumisat.

٩ - وَإِذَا السَّمَاءُ فُرِجَتْ ۝

9. Lan ing nalika Langit wus bengkah mengkap-mengkap,

Wa-idzassamaa-u furijat.

١٠ - وَإِذَا الْجِبَالُ نُسِفَتْ ۝

10. Lan nalika Gunung wus dibedhol (dijur-jur dadi awu).

Wa-idzal jibaalu nusifat.

١١ - وَإِذَا الرُّسُلُ أُقِّتَتْ ۝

11. Lan ing nalika UtusaNe Allah wus ditamtokake sowan seba ana ngarsa dalem Allah.[1040]

Wa-idzar rusulu uqqitat.

١٢ - لِأَيِّ يَوْمٍ أُجِّلَتْ ۝

12. Nuli ditakokake: "Tekan dina apa, diundur waktune (matrapake siksa marang wong kang padha kafir)?".

Li-ayyi yaumin ujjilat.

١٣ - لِيَوْمِ الْفَصْلِ ۝

13. Dijawab: "Nganti dina putusaning perkara!".

Liyaumil fashl.

١٤ - وَمَا أَدْرَاكَ مَا يَوْمُ الْفَصْلِ ۝

14. Lan apa sira wus mangerti dina putusaning perkara iku dina apa?

Wamaa ad-raaka maa yaumul fashl.

١٥ - وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِلْمُكَذِّبِينَ ۝

15. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

1040) Para Rasul sami sowan ing ngarsa dalem Allah kadherekaken ummatipun piyambak-piyambak.

16. Apa Ingsun ora wus ngrusak nyirnakake para wong jaman kuna?

١٦ - أَلَمْ نُهْلِكِ الْأَوَّلِينَ ۝

Alam nuhlikil awwaliin.

17. Banjur Sun tungka maneh rinusake dening siksa wong kang kari-kari.

١٧ - ثُمَّ نُتْبِعُهُمُ الْآخِرِينَ ۝

Tsumma nutbi'uhumul aakhiriin.

18. Kaya mangkono Ingsun tumindak marang wong-wong dosa.

١٨ - كَذَٰلِكَ نَفْعَلُ بِالْمُجْرِمِينَ ۝

Kadzaalika naf'alu bil-mujrimiin.

19. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

١٩ - وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ۝

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

20. Apa Ingsun ora wus anitahake sira kabeh saka banyu kang ina (mani)?

٢٠ - أَلَمْ نَخْلُقكُّم مِّن مَّاءٍ مَّهِينٍ ۝

Alam nakhluq-kum mim maa-im mahiin.

21. Banjur Sun dokok ana ing panggonan kang kukuh bakuh (rahim ibu).

٢١ - فَجَعَلْنَاهُ فِي قَرَارٍ مَّكِينٍ ۝

Faja'alnaahu fii qaraarim makiin.

22. Sahengga tumeka mangsa kang wus kinaweruhan.

٢٢ - إِلَىٰ قَدَرٍ مَّعْلُومٍ ۝

Ilaa qadarim ma'luum.

23. Ingsun nuli paring papethene (wewangunane). Ingsun iku, becikbecike kang paring papesthen!

٢٣ - فَقَدَرْنَا فَنِعْمَ الْقَادِرُونَ ۝

Faqadarnaa, fani'mal qaadiruun.

24. Ing dina iku cilaka bangetwong kang padha maido.

٢٤ - وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ۝

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

25. Apa Ingsun ora wus andadekke Bumi minangka wadhah (panggonane ngimpuk)?

٢٥ - أَلَمْ نَجْعَلِ الْأَرْضَ كِفَاتًا ۝

Alam naj'alil ardha kifaataa.

٢٦ - أَحْيَاءً وَأَمْوَاتًا ۝

26. Kanggo wadhahe wong urip lan wong mati.[1041)]

Ahyaa-aw wa amwaataa.

27. Lan ana ing Bumi kono wus Ingsun tancepake Gunung gedhe-gedhe tur dhuwur. Lan Ingsun wus paring pangomben ing sira kabeh kalawan banyu tawa.

٢٧ - وَّجَعَلْنَا فِيهَا رَوَاسِيَ شُمٰخٰتٍ وَّاَسْقَيْنٰكُمْ مَّآءً فُرَاتًا ۝

Wa ja'alnaa fiihaa rawaasiya syaamikhaatiw wa asqainaakum maa-an furaataa.

28. Ing dina iku cilaka banget wong kang maido.

٢٨ - وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ۝

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

29. He wong kang padha maido! sira padha mangkata marang siksa kang sira paido,

٢٩ - اِنْطَلِقُوْٓا اِلٰى مَا كُنْتُمْ بِهٖ تُكَذِّبُوْنَ ۝

Inthaliquu ilaa maa kuntum bihii tukadzdzibuun.

30. Padha mangkata menyang Neraka kang duwe pega cawang telu![1042)]

٣٠ - اِنْطَلِقُوْٓا اِلٰى ظِلٍّ ذِيْ ثَلٰثِ شُعَبٍ ۝

Inthaliquu ilaa zhillin dzii tsalaatsi syu'ab.

31. Ora eyub sarta ora bisa nulak panas!

٣١ - لَّا ظَلِيْلٍ وَّلَا يُغْنِيْ مِنَ اللَّهَبِ ۝

Laa zhaliliw walaa yughnii minal lahab.

32. Satemene Neraka iku tansah ngetokake pletik kang gedhe lan dhuwure sagedhong-gedhong loji gedhe.

٣٢ - اِنَّهَا تَرْمِيْ بِشَرَرٍ كَالْقَصْرِ ۝

Innahaa tarmii bisyararin kal-qashr.

33. Kang rupane kaya urutan unta kang ules kuning.

٣٣ - كَاَنَّهٗ جِمٰلَتٌ صُفْرٌ ۝

Ka-annahuu jimaalatun shufr.

34. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

٣٤ - وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ۝

1041). Nalika urip padha manggon ing dhuwur Bumi, lan ing nalika mati dikubur (disimpen) ing njero Bumi.

1042). Pega cawang tiga punika pega latu siksa sa'ing kanan kering lan nginggilipun, dados sampun kakepung siksa Neraka.

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

35. Yaiku dinane para manungsa padha ora bisa calathu.

٣٥ - هٰذَا يَوْمُ لَا يَنْطِقُوْنَ ۝

Haadzaa yaumu laa yanthiquun.

36. Lan ora padha diidzini ngaturake udzure,

٣٦ - وَلَا يُؤْذَنُ لَهُمْ فَيَعْتَذِرُوْنَ ۝

Walaa yu'dzanu lahum faya'tadziruun.

37. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

٣٧ - وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ۝

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

38. Yaiku dina putusaning kabeh perkara, Ingsun ngumpulake sira kabeh, lan para wong kuna.

٣٨ - هٰذَا يَوْمُ الْفَصْلِ ۚ جَمَعْنٰكُمْ وَالْاَوَّلِيْنَ ۝

Haadzaa yaumul fashli, jama'naakum wal awwaliin.

39. Mula manawa sira padha duwe reka daya kanggo nulak siksanIngsun, mara padha tindakna.

٣٩ - فَاِنْ كَانَ لَكُمْ كَيْدٌ فَكِيْدُوْنِ ۝

Fa-in kaana lakum kaidun fakiiduun.

40. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

٤٠ - وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ۝

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

41. Satemene wong kang padha taqwa ing Allah ana ing pangeyuban eyub lan sakiwa-tengene sumberan.

٤١ - اِنَّ الْمُتَّقِيْنَ فِيْ ظِلٰلٍ وَّعُيُوْنٍ ۝

Innal muttaqiina fii zhilaaliw wa 'uyuun.

42. Lan padha diparingi woh-wohan kang padha disenengi.

٤٢ - وَّفَوَاكِهَ مِمَّا يَشْتَهُوْنَ ۝

Wa fawaakiha mimmaa yasytahuun.

43. Sira padha mangana lan ngombea kang enak, jalaran iku ganjarane tumindak kang wus sira lakoni.

٤٣ - كُلُوْا وَاشْرَبُوْا هَنِيْٓـًٔا بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ۝

Kuluu wasyrabuu hanii-am bimaa kuntum ta'maluun.

44. Satemene kang kaya mangkono iku anggonIngsun angganjar wong kang padha tumindak becik.

٤٤ - إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ○

Innaa kadzaalika najzil muhsiniin.

45. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

٤٥ - وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ○

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

46. He wong kang padha kafir! sira padha mangana lan seneng-senenga sathithik bae, jalaran satemene sira iku padha duraka.

٤٦ - كُلُوا وَتَمَتَّعُوا قَلِيلًا إِنَّكُم مُّجْرِمُونَ ○

Kuluu wa tamatta'uu qaliilan innakum mujrimuun.

47. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

٤٧ - وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ○

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

48. Manawa wong iku padha didhawuhi ruku' Shalat, dheweke ora gelem ruku'.[1043]

٤٨ - وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ ارْكَعُوا لَا يَرْكَعُونَ ○

Wa-idzaa qiila lahumur-ku'uu laa yar-ka'uun.

49. Ing dina iku cilaka banget wong kang padha maido.

٤٩ - وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ○

Wailuy yauma-idzil lil-mukadzdzibiin.

50. Banjur nganggo dhawuh apa maneh sawuse Quraan iku, dheweke padha gelem iman?

٥٠ - فَبِأَيِّ حَدِيثٍ بَعْدَهُ يُؤْمِنُونَ ○ ع

Fabi-ayyi hadiitsim ba'dahuu yu'minuun

***)

1043). Saweneh Jumhur Mufassirin anerangaken bilih ruku' punika tegesipun ta'at ing dhawuhing Allah.

***). Intisari sasambetaning katerangan surat Al Mursalaat lan surat An Naba' punika makaten:
1. Ing surat Al Mursalaat dipun terangaken bilih "Yaumul fashl" utawi dintening kaputusan mesthi badhe kadadosan ing dinten Qiyamat, dene wonten ing surat An Naba' tambah paring katerangan kalayan gamblang.
2. Kakalihipun sami-sami anerangaken kawontenaning Neraka dados panggenanipun titiyang kafir, lan Suwarga dados panggenanipun titiyang taqwa ing Allah, minangka ganjaranipun kani'matan ingkang langgeng!

AN NABA' (PAWARTA KANG WIGATI)

Surat kaping 78 : 40 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Ma'aarij.

JUZ 30

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Panguwasaning Allah ngipuk - ipuk 'alam Jagad raya lan pirang-pirang kani'matan kang kaparingake marang manungsa, iku tandha yekti bakal kuwasaNe Allah nangekake ummat saka kuburan urip maneh.

1. Wong-wong kafir iku padha takon tinakon prakara apa?

١ - عَمَّ يَتَسَآءَلُوْنَ ○

'Amma yatasaa-aluun.

2. Saka pawarta kang wigati (tangi saka kubur).

٢ - عَنِ النَّبَإِ الْعَظِيْمِ ○

'Anin naba-il 'azhiim.

3. Kang wong-wong iku padha beda-beda panemune ing prakara mau.

٣ - الَّذِىْ هُمْ فِيْهِ مُخْتَلِفُوْنَ ○

Alladzii hum fiihi mukhtalifuun.

4. Babar pisan ora! jalaran dheweke bakal padha sumurup kabenerane prakara mau.

٤ - كَلَّا سَيَعْلَمُوْنَ ○

Kallaa saya'lamuun.

5. Temen aja mangkono, jalaran dheweke bakal padha sumurup kabenerane prakara mau.

٥ - ثُمَّ كَلَّا سَيَعْلَمُوْنَ ○

Tsumma kallaa saya'lamuun.

6. Apa Ingsun ora wus nitahake Bumi kanggo lemek?

٦ - اَلَمْ نَجْعَلِ الْاَرْضَ مِهٰدًا ۙ

Alam naj'alil ardha mihaadaa.

7. Lan Gunung-gunung minangka pathok,

٧ - وَّالْجِبَالَ اَوْتَادًا ۙ

Wal-jibaala autaadaa.

8. Lan nitahake sira kabeh jejodhohan,

٨ - وَّخَلَقْنٰكُمْ اَزْوَاجًا ۙ

Wa khalaqnaakum azwaajaa.

9. Lan Ingsun andadekake anggonira turu minangka ngaso,

٩ - وَّجَعَلْنَا نَوْمَكُمْ سُبَاتًا ۙ

Wa ja'alnaa naumakum subaataa.

10. Lan Ingsun andadekake wengi kaya anggon-anggon kang nutupi awakira.[1044)]

١٠ - وَّجَعَلْنَا الَّيْلَ لِبَاسًا ۙ

Wa ja'alnal laila libaasaa.

11. Lan Ingsun andadekake awan kanggo ngupaya panguripan.

١١ - وَّجَعَلْنَا النَّهَارَ مَعَاشًا ۙ

Wa ja'alnan nahaara ma'aasyaa.

12. Lan Ingsun wus angiyasakake adeging Langit sap pitu kang kukuh santosa ana ing sadhuwurira.

١٢ - وَّبَنَيْنَا فَوْقَكُمْ سَبْعًا شِدَادًا ۙ

Wa banainaa fauqakum sab'an syidaadaa.

13. Lan Ingsun anitahake damar kang madhangi 'alam, yaiku Srengenge!

١٣ - وَّجَعَلْنَا سِرَاجًا وَّهَّاجًا ۙ

Waja'alnaa siraajaw wahhaajaa.

14. Lan Ingsun anurunake udan deres saka mendhung kang kandel.

١٤ - وَّاَنْزَلْنَا مِنَ الْمُعْصِرٰتِ مَآءً ثَجَّاجًا ۙ

Wa anzalnaa minal mu'shiraati maa-an tsajjaajaa.

15. Kang supaya Sun anggo ngwetokake wiji sarta thethukulan sawarnane.

١٥ - لِّنُخْرِجَ بِهٖ حَبًّا وَّنَبَاتًا ۙ

Linukhrija bihii habbaw wa nabaataa.

1044). Jalaran wekdal dalu punika peteng, kados dene ageman nutupi badan.

16. Apa maneh pakebonan kang subur tetandurane.

١٦ - وَّجَنّٰتٍ اَلْفَافًا ۝

Wa jannaatin alfaafaa.

Horeging dina Qiyamat.

17. Sanyata dina kaputusaning Qiyamat iku, sawijining waktu tartamtu (kanggo ngleksanani ganjaran lan siksa).

١٧ - اِنَّ يَوْمَ الْفَصْلِ كَانَ مِيْقَاتًا ۝

Inna yaumal fashli kaana miiqaataa.

18. Yaiku dina, kang ana ing kono mangsa disebul sangkakala, banjur sira kabeh para manungsa padha sowan seba apanthan-panthan.

١٨ - يَّوْمَ يُنْفَخُ فِى الصُّوْرِ فَتَاْتُوْنَ اَفْوَاجًا ۝

Yauma yunfakhu fishshuuri fata'tuuna afwaajaa.

19. Lan sawuse Langit dibuka, banjur ana pirang-pirang lawang.[1045]

١٩ - وَّفُتِحَتِ السَّمَآءُ فَكَانَتْ اَبْوَابًا ۝

Wafutihatis samaa-u fakaanat abwaabaa.

20. Lan kabeh Gunung saalam mayapada iku dilakokake banjur malih dadi amun-amun fatamorgana![1046]

٢٠ - وَّسُيِّرَتِ الْجِبَالُ فَكَانَتْ سَرَابًا ۝

Wasuyyiratil jibaalu fakaanat saraabaa.

Piwalese tumrap wong kang padha duraka.

21. Satemene Neraka Jahanam iku ana panggonane kanggo pengawal (tunggu) kang jaga.

٢١ - اِنَّ جَهَنَّمَ كَانَتْ مِرْصَادًا ۝ۙ

Inna jahannama kaanat mirshaadaa.

22. Lan Neraka mau dadi panggonane bali wong-wong kang padha lacut.

٢٢ - لِّلطَّاغِيْنَ مَاٰبًا ۝

Liththaaghiina ma-aabaa.

٢٣ - لّٰبِثِيْنَ فِيْهَآ اَحْقَابًا ۝

Laabitsiina fiihaa ah-qaabaa.

1045) Kados kasebat ing ayat: 12, Langit sap pitu utawi Ulama Tafsir sanes nerangaken sap pitung dasa punika benjing ing dinten Qiyamat planit lan Lintang sarta tata-surya saens-sanesipun sami benturan tabrakan jalaran daya tarikipun ical (telas). Pundi ing ngriku wonten tabrakan angkasa planit ingkang ambyar lajeng dhawah ngawontenaken bolongan kados lawang (gapura) ageng! wallaahu 'alam.

1046) Katingalipun mripat wonten, ananging sajatosipun boten wonten punapa-punapa.

23. Padha langgeng ana ing Neraka kono maabad-abad lawase.[1047)]

24. Ana ing kono ora padha ngrasakake adhem lan ora padha oleh pangomben,

٢٤ - لَا يَذُوقُونَ فِيهَا بَرْدًا وَّلَا شَرَابًا ۝

Laa yadzuuquuna fiihaa bardaw walaa syaraabaa.

25. Kajaba mung oleh wedang panas banget lan nanah.

٢٥ - إِلَّا حَمِيمًا وَّغَسَّاقًا ۝

Illaa hamiimaw wa ghassaaqaa.

26. Iku kabeh, dadi piwales kang satimbang kalawan dosane!

٢٦ - جَزَآءً وِّفَاقًا ۝

Jazaa-aw wifaaqaa.

27. Jalaran, satemene wong-wong mau ora padha ngarep-arep (percaya) bakal anane Dina Papriksan!

٢٧ - إِنَّهُمْ كَانُوا لَا يَرْجُونَ حِسَابًا ۝

Innahum kaanuu laa yarjuuna hisaabaa.

28. Lan dheweke banget anggone padha maido ing Ayat-AyatIngsun.

٢٨ - وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا كِذَّابًا ۝

Wa kadzdzabuu bi-aayaatinaa kidzdzaabaa.

29. Lan sakabehing perkara wus Ingsun cocokake tinulis gamblang ing Kitab.

٢٩ - وَكُلَّ شَيْءٍ أَحْصَيْنَاهُ كِتَابًا ۝

Wa kulla syai-in ah-shainaahu kitaabaa.

30. Pangandikaning Allah: "Mara sira padha ngrasakna! Ingsun ora bakal anambahi ing sira kabeh bae, kajaba mung siksa".

٣٠ - فَذُوقُوا فَلَنْ نَّزِيدَكُمْ إِلَّا عَذَابًا ۝

Fadzuuquu falan naziidakum illaa 'adzaabaa.

Ni'mating ganjaran tumrap wong kang padha taqwa.

31. Sanyata wong kang padha taqwa iku nampa kabegjan jati.

٣١ - إِنَّ لِلْمُتَّقِينَ مَفَازًا ۝

Inna lil-muttaqiina mafaazaa.

1047) Tembung „huqub" punika mufrad, tegesipun 80 tahun. „ahqaab" punika jama', tegesipun pinten-pinten wolungdasanan tahun; maksudipun maabad-abad (boten wonten watesipun).

32. Yaiku Kasuwargan, kebon-kebon sarta woh-woh anggur!

٣٢ - حَدَآئِقَ وَأَعْنَابًا ۝

Hadaa-iqa wa a'naabaa.

33. Lan para kenya widadari kang pantaran umure,

٣٣ - وَّكَوَاعِبَ أَتْرَابًا ۝

Wa kawaa'iba at-raabaa.

34. Lan gelas-gelas kang kebak omben-omben,

٣٤ - وَّكَأْسًا دِهَاقًا ۝

Wa ka'san dihaaqaa.

35. Ana ing kono ora padha krungu lelacutan lan ora krungu pamaido.

٣٥ - لَّا يَسْمَعُونَ فِيهَا لَغْوًا وَّلَا كِذَّابًا ۝

Laa yasma'uuna fiihaa laghwaw walaa kidzdzaabaa.

36. Iku kabeh, minangka ganjaran saka ngarsa dalem Allah Pangeranira, peparing kang cukup akeh banget.

٣٦ - جَزَآءً مِّن رَّبِّكَ عَطَآءً حِسَابًا ۝

Jazaa-am mir-rabbika 'athaa-an hisaabaa.

37. Pangipuk-ipuking Allah Hamangerani Langit lan Bumi dalah saisen-isene kabeh, kang Maha Murah. Ora ana makhluke kang wani cemuwit munjuk atur marang PanjenengaNe.

٣٧ - رَّبِّ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا الرَّحْمَٰنِ لَا يَمْلِكُونَ مِنْهُ خِطَابًا ۝

Rabbis-samaawaati wal ardhi wamaa bainahumar rahmaani laa yamlikuuna minhu khithaabaa.

Dhawuhing Allah supaya manungsa padha milih dalan kang bener marang Pangeran.

38. Yaiku ing dinane Ruh lan para Malaikat padha andher ngadeg jejer-jejer, kabeh ora ana kang bisa munjuk, kajaba kang diidzini dening Pangeran Dzat kang Maha Murah, sarta munjuk kalawan bener!

٣٨ - يَوْمَ يَقُومُ الرُّوحُ وَالْمَلَائِكَةُ صَفًّا ۖ لَّا يَتَكَلَّمُونَ إِلَّا مَنْ أَذِنَ لَهُ الرَّحْمَٰنُ وَقَالَ صَوَابًا ۝

Yauma yaquumur ruuhu wal malaa-ikatu shaffaa, laa yatakallamuuna illaa man adzina lahur-rahmaanu wa qaala shawaabaa.

39. Hiya kang mangkono iku dina kang mesthi kalakon! sing sapa gelem, mangka ngalapa pangungsen marang Allah Pangerane.

٣٩ - ذَٰلِكَ الْيَوْمُ الْحَقُّ ۖ فَمَن شَاءَ اتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِ مَآبًا ۝

Dzaalikal yaumul haqqu, faman syaa-at takhadza ilaa rabbihii ma-aabaa.

40. Satemene Ingsun amedeni sira kabeh kalawan siksa kang wus cedhak, ana ing dina manungsa padha andeleng barang kang wus ditindakake. Wong kafir ngucap: "Adhuh getun banget aku, saeba becike, samungguha aku iki dadi lemah bae!".

***)

٤٠ - إِنَّآ أَنذَرْنَٰكُمْ عَذَابًا قَرِيبًا يَوْمَ يَنظُرُ ٱلْمَرْءُ
مَا قَدَّمَتْ يَدَاهُ وَيَقُولُ ٱلْكَافِرُ يَٰلَيْتَنِى كُنتُ تُرَٰبًۢا ٤٠

Innaa andzarnaakum 'adzaaban qariibaa, yauma yanzhurul mar-u maa qaddamat yadaahu wa yaquulul kaafiru yaa laitanii kuntu turaabaa.

***). **Intisarining katerangan makaten: Ing surat An Naba' nerangaken ancamaning Allah dhumateng titiyang musyrik anggenipun ngingkari dinten Qiyamat, dene wonten ing surat An Naazi-'aat, Allah sumpah bilih dinten Qiyamat ingkang ngrumiyini dinten dipun tangekaken saking kubur gesang malih, punika mesthi kalampahan!**

AN NAAZI'AAT (LINTANG-LINTANG KANG ALIRANE RIKAT)

Surat kaping 79 : 46 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat An Naba'.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Demi Lintang-Lintang kang alihane rikat.

١ - وَالنّٰزِعٰتِ غَرْقًا ○

Wannaazi'aati gharqaa.

2. Demi Lintang-Lintang kang tansah alihan.

٢ - وَّالنّٰشِطٰتِ نَشْطًا ○

Wannaasyithaati nasythaa.

3. Demi Lintang-Lintang kang ubenging lakune rikat.

٣ - وَّالسّٰبِحٰتِ سَبْحًا ○

Wassaabihaati sab-haa.

4. Katungka bebalapane Lintang-Lintang ngambah ing dalane.

٤ - فَالسّٰبِقٰتِ سَبْقًا ○

Fassaabiqaati sabqaa.

5. Kasusul Lintang-Lintang kang padha mernata urusan-urusane.

٥ - فَالْمُدَبِّرٰتِ اَمْرًا ○

Falmudabbiraati am-raa.

6. Elinga manungsa! gegere mayapada geger kepati-pati.

٦ - يَوْمَ تَرْجُفُ الرَّاجِفَةُ ○

Yauma tarjufur raajifah.

7. Nuli kasusul horeging Langit.

٧ - تَتْبَعُهَا الرَّادِفَةُ ○

Tatba'uhar raadifah.

8. Diprayitna he manungsa! ing dina iku sakabehing ati padha kekes!

٨ - قُلُوبٌ يَّوْمَئِذٍ وَّاجِفَةٌ ۝

Quluubuy yauma-idziw waajifah.

9. Pandeleng padha tumungkul,

٩ - اَبْصَارُهَا خَاشِعَةٌ ۝

Ab-shaaruhaa khaasyi'ah.

10. Wong-wong iku padha ngucap: "Apa aku kabeh iki bakal dibalekake menyang kahanan urip kang kawitan?".

١٠ - يَقُوْلُوْنَ ءَاِنَّا لَمَرْدُوْدُوْنَ فِى الْحَافِرَةِ ۝

Yaquuluuna a-innaa lamarduuduuna fil haa firah.

11. Apa manawa aku kabeh wus dadi balung ajur-mumur, iku bakal urip maneh?".

١١ - ءَاِذَا كُنَّا عِظَامًا نَّخِرَةً ۝

A-idzaa kunnaa 'izhaaman nakhirah.

12. Wong-wong mau padha ngucap maneh: "Manawa nyata mangkono, baliku iki padha kapitunan temenan".[1048]

١٢ - قَالُوْا تِلْكَ اِذًا كَرَّةٌ خَاسِرَةٌ ۝

Qaaluu tilka idzan karratun khaasirah.

13. Pangandikaning Allah: "Satemene urip kang kapindho ing Akherat iku mung cukup sasebulan sangkakala!".

١٣ - فَاِنَّمَا هِىَ زَجْرَةٌ وَّاحِدَةٌ ۝

Fa-innamaa hiya zajratuw waahidah.

14. Bareng wus disebul, wong-wong iku banjur bali urip maneh.

١٤ - فَاِذَا هُمْ بِالسَّاهِرَةِ ۝

Fa-idzaa hum bissaahirah.

Sejarah Nabi Musa a.s. lan Fir'aun.

15. He Muhammad, apa ora wus teka ing sira pawartane carita Musa.

١٥ - هَلْ اَتٰىكَ حَدِيْثُ مُوْسٰى ۝

Hal ataaka hadiitsu muusaa.

16. Yaiku ing nalika Allah Pangerane nimbali Musa ana ing jurang kang sinucekake, yaiku lembah Thuwa!

١٦ - اِذْ نَادٰىهُ رَبُّهٗ بِالْوَادِ الْمُقَدَّسِ طُوًى ۝

Idz naadaahu rabbuhuu bil-waadil muqaddasi thuwaa.

1048) Punika namung tetembungan ngece kaum Muslimin kemawon, boten saestu tiyang kafir wau sami ngaken getun!

17. PangandikanIngsun: "Sira budhala marang Fir'aun! jalaran sanyata dheweke iku lacut".

١٧ - اِذْهَبْ اِلٰى فِرْعَوْنَ اِنَّهٗ طَغٰى ۖ
Idz-hab ilaa fir'auna innahuu thaghaa.

18. Musa, sira dhawuha: "Punapa panjenengan kersa kula aturi sesuci saking syirik?".

١٨ - فَقُلْ هَلْ لَّكَ اِلٰٓى اَنْ تَزَكّٰى ۖ
Faqul hallaka ilaa an tazakkaa.

19. Tumunten panjenengan kula tedahaken dhumateng Allah Pangeran panjenengan, supados panjenengan lajeng taqwa?".

١٩ - وَاَهْدِيَكَ اِلٰى رَبِّكَ فَتَخْشٰى ۚ
Wa-ahdiyaka ilaa rabbika fatakh-syaa.

20. Musa banjur ngetokake mu'jizat kang agung.

٢٠ - فَاَرٰىهُ الْاٰيَةَ الْكُبْرٰى ۖ
Fa-araahul aayatul kubraa.

21. Fir'aun banjur maido lan ambangkang.

٢١ - فَكَذَّبَ وَعَصٰى ۖ
Fakadzdzaba wa 'ashaa.

22. Nuli malengos saka iman, karo reka daya nyulayani Musa.

٢٢ - ثُمَّ اَدْبَرَ يَسْعٰى ۖ
Tsumma adbara yas'aa.

23. Dheweke banjur ngumpulake para tukang sihir, sarta dhawuh marang kaume,

٢٣ - فَحَشَرَ فَنَادٰى ۖ
Fakhasyara fanaadaa.

24. Karo ngucap: "Hiya aku iki Pangeranira kang maha luhur!".

٢٤ - فَقَالَ اَنَا رَبُّكُمُ الْاَعْلٰى ۖ
Faqaala ana rabbukumul a'laa.

25. Allah banjur matrapi siksa marang Fir'aun ana ing Donya, lan ana ing Akherat.

٢٥ - فَاَخَذَهُ اللّٰهُ نَكَالَ الْاٰخِرَةِ وَالْاُوْلٰى ۗ
Fa-akhadzahul-laahu nakaalal aakhirati wal uulaa.

26. Satemene kang kaya mangkono iku, tetep dadi 'ibarat (tepa palupi) tumrap wong kang taqwa ing Allah.

٢٦ ع - اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَعِبْرَةً لِّمَنْ يَّخْشٰى ۗ
Inna fii dzaalika la'ibratal limay yakhsyaa.

Mungguhing Allah luwih gampang nangekake manungsa saka kubur, tinimbang nitahake 'alam Jagad raya.

27. Pangandikaning Allah marang para wong kafir: "Endi ta kang luwih angel tumindake, sira apa Langit kang wus diedegake dening Allah iku?".

٢٧- ءَأَنتُمْ أَشَدُّ خَلْقًا أَمِ السَّمَآءُ ۚ بَنَىٰهَا ۝

A-antum asyaddu khalqan amis-samaa-u banaahaa.

28. PanjenengaNe wus andhuwurake payoning Langit nuli sampurna.

٢٨- رَفَعَ سَمْكَهَا فَسَوَّىٰهَا ۝

Rafa'a samkahaa fasawwaahaa.

29. Lan nutupake petenging wengine sarta ngetokake padhanging rina,

٢٩- وَأَغْطَشَ لَيْلَهَا وَأَخْرَجَ ضُحَىٰهَا ۝

Wa agh-thasya lailahaa wa akhraja dhuhaahaa.

30. Lan bakda tumitahing Langit, PanjenengaNe Allah banjur anggelar Bumi,

٣٠- وَالْأَرْضَ بَعْدَ ذَٰلِكَ دَحَىٰهَا ۝

Wal ardha ba'da dzaalika dahaahaa.

31. PanjenengaNe ngetokake banyu lan tetuwuhan saka Bumi kono,

٣١- أَخْرَجَ مِنْهَا مَآءَهَا وَمَرْعَىٰهَا ۝

Akhraja minhaa maa-ahaa wa mar'aahaa.

32. Lan ngukuhake Gunung-gununge,[1049]

٣٢- وَالْجِبَالَ أَرْسَىٰهَا ۝

Waljibaala arsaahaa.

33. Sakabehane iku, minangka kanggo kasenenganira lan kanggo raja kayanira.

٣٣- مَتَٰعًا لَّكُمْ وَلِأَنْعَٰمِكُمْ ۝

Mataa'al lakum wali-an 'aamikum.

Ana ing dina Qiyamat iku manungsa eling apa tumindake nalika urip ing alam Donya.

34. Mangka manawa wus teka horeg-horegan kang gedhe banget.

٣٤- فَإِذَا جَآءَتِ الطَّآمَّةُ الْكُبْرَىٰ ۝

1049) Tumitahipun toya lan tanem tuwuh sarta Redi lan Pareden, makaten ugi pereng, jurang lan sapanunggilanipun punika nyebabaken ubenganipun wanci ketiga sarta rendheng. Wontenipun wana sarta kewan, nuwuhaken pertanian sarta peternakan modern (ranch). Dados Redi lan Pareden sanaosa wonten Seganten-wedhi ugi paedah ageng sanget.

Fa-idzaa jaa-atith thaammatul kubraa.

35. Yaiku ana ing dinane para manungsa padha eling apa tumindake kang wus dilakoni,

٣٥ - يَوْمَ يَتَذَكَّرُ الْإِنْسَانُ مَا سَعٰى ۝

Yauma yatadzakkarul insaanu maa sa'aa.

36. Lan Neraka Jahim ditontonake marang sapa kang andeleng.

٣٦ - وَبُرِّزَتِ الْجَحِيْمُ لِمَنْ يَّرٰى ۝

Wa burrizatil jahiimu limay yaraa.

37. Mangka sing sapa lacut,

٣٧ - فَاَمَّا مَنْ طَغٰى ۝

Fa-ammaa man thaghaa.

38. Lan dheweke milih panguripan Donya,

٣٨ - وَاٰثَرَ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا ۝

Wa aatsaral hayaatad dun-yaa.

39. Satemene Neraka Jahim iku hiya kang dadi panggonane,

٣٩ - فَاِنَّ الْجَحِيْمَ هِيَ الْمَاْوٰى ۝

Fa-innal jahiima hiyal ma'waa.

40. Dene sing sapa wedi anggone seba marang Kahagunganing Allah Pangerane, lan nyegah nafsune saka karep ala,

٤٠ - وَاَمَّا مَنْ خَافَ مَقَامَ رَبِّهٖ وَنَهَى النَّفْسَ عَنِ الْهَوٰى ۝

Wa ammaa man khaafa maqaama rabbihii wanahan nafsa 'anil hawaa.

41. Mangka satemene Suwarga kang dadi panggonane.

٤١ - فَاِنَّ الْجَنَّةَ هِيَ الْمَاْوٰى ۝

Fa-innal jannata hiyal ma'waa.

42. Wong-wong kafir Mekkah padha pitakon marang sira Muhammad, kapan ngadege dina Qiyamat iku?

٤٢ - يَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ السَّاعَةِ اَيَّانَ مُرْسٰهَا ۝

Yas-aluunaka 'anis-saa'ati ayyaana mursaahaa.

43. Kena apa sira Muhammad, arep nerangake dinane?[1050)]

٤٣ - فِيْمَ اَنْتَ مِنْ ذِكْرٰهَا ۝

Fiima anta min dzikraahaa.

1050). Sira Muhammad adoh sungsate kaconggah nerangake kapan dina Qiyamat iku?

44. Pepunthoning prakara iku, pasrahna ing Allah, kang namtokake!

٤٤ - إِلَىٰ رَبِّكَ مُنتَهَاهَا ۝

Ilaa rabbika muntahaahaa.

45. Sayekti sira iku mung juru pepeling tumrap wong kang wedi ing dina Qiyamat.

٤٥ - إِنَّمَا أَنتَ مُنذِرُ مَن يَخْشَاهَا ۝

Innamaa anta mundziru may yakhsyaahaa.

46. Ing dinane wong-wong kafir iku andeleng dina Qiyamat, iku rumangsa manawa dheweke ora manggon tetep ing Donya, kajaba mung sasore utawa mung saesuk bae!

٤٦ - كَأَنَّهُمْ يَوْمَ يَرَوْنَهَا لَمْ يَلْبَثُوٓا۟ إِلَّا عَشِيَّةً أَوْ ضُحَىٰهَا ۝

Ka-annahum yauma yaraunahaa lam yalbasyuu illaa 'asyiyyatan au dhuhaahaa

***)

***) Intisarining katerangan ing surat An Naazi'aat punika makaten :
Wonten ing pungkasaning surat dipun terangaken bilih Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. salugu dados juru-pepenget, dene wonten ing surat 'Abasa ngenget-engetaken bilih pepenget wahu kedah kawaradinaken sami kemawon dhumateng sintena ingkang ambetahaken, boten kenging „emban cindhe emban siladan", ambenten-bentenaken tiyang sabab derajat kalenggahanipun sosial benten! Lajeng tuwuh aspirasi Hukum ingkang dados dhasaring Negara Hukum, bilih pribadi punika dipun layani sami dening Hukum Negara, makaten intisarining surat 'Abasa.

'ABASA (DHEWEKE MRENGUT)

Surat kaping 80 : 42 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat An Najm.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Aruh-aruh kalawan alus tumrap Rasulullah s.a.w.

1. Dheweke, Muhammad iku mrengut lan malengos (ora anggape).

١ - عَبَسَ وَتَوَلّٰٓى ○

'Abasa watawallaa.

2. Jalaran dheweke katekanan wong wuta, Abdullah bin Ummi Maktum.

٢ - اَنْ جَآءَهُ الْاَعْمٰى ○

Anjaa-ahul a'maa.

3. Apa sira wus mangerti, bok manawa duwe karep sesuci saka dosane.

٣ - وَمَا يُدْرِيْكَ لَعَلَّهٗ يَزَّكّٰٓى ○

Wamaa yud-riika la'allahuu yazzakkaa.

4. Utawa, dheweke kepengin oleh piwulang, nuli piwulang iku maedahi ing awake?

٤ - اَوْ يَذَّكَّرُ فَتَنْفَعَهُ الذِّكْرٰى ○

Au yadzdzakkaru fatanfa'ahudz dzikraa.

5. Dene wong kang awake rumangsa sarwa cukup.

٥ - اَمَّا مَنِ اسْتَغْنٰى ○

Ammaa manis-taghnaa.

6. Mangka sira ladeni,

٦ - فَاَنْتَ لَهٗ تَصَدّٰى ○

Fa-anta lahuu tashaddaa.

7. Ing mangka ora dadi apa tumrap sira saupama wong iku ora gelem sesuci, dadi Mu'min.

٧ - وَمَا عَلَيْكَ اَلَّا يَزَّكّٰى ○

Wamaa 'alaika allaa yazzakkaa.

8. Dene wong teka sowan ing sira kalawan lumaku, hiya wong wuta mau,

٨ - وَأَمَّا مَنْ جَآءَكَ يَسْعَىٰ ۝

Wa ammaa man jaa-aka yas'aa.

9. Hiya dheweke iku wong kang taqwa tur dhedhepe ing Allah,

٩ - وَهُوَ يَخْشَىٰ ۝

Wahuwa yakh-syaa.

10. Geneya, teka sira ora maelu!

١٠ - فَأَنتَ عَنْهُ تَلَهَّىٰ ۝

Fa-anta 'anhu talahhaa.

11. Babar pisan aja mangkono! Satemene Ayat-ayat iku dadi pepeling tumrap para makhluk.

١١ - كَلَّآ إِنَّهَا تَذْكِرَةٌ ۝

Kallaa innahaa tadzkirah.

12. Sing sapa ngarepake, mesthi dheweke anggatekake.

١٢ - فَمَن شَآءَ ذَكَرَهُۥ ۝

Faman syaa-a dzakarah.

13. Yaiku pepeling kang wus ditetepake ana ing Kitab kang mulya,

١٣ - فِى صُحُفٍ مُّكَرَّمَةٍ ۝

Fii shuhufim mukarramah.

14. Kang luhur tur sinucekake,

١٤ - مَّرْفُوعَةٍ مُّطَهَّرَةٍۭ ۝

Marfuu'atim muthahharah.

15. Diampil dening para Malaikat kang dadi panitra (Utusan),

١٥ - بِأَيْدِى سَفَرَةٍ ۝

Bi-aidii safarah.

16. Kang mulya tur kang ngabekti.

١٦ - كِرَامٍۭ بَرَرَةٍ ۝

Kiraamim bararah.

Allah paring pepeling marang manungsa kang ora dunung kakekat tumitahe.

17. Kena kabilahen manungsa! mendah eba banget kekafirane manungsa iku!

١٧ - قُتِلَ ٱلْإِنسَٰنُ مَآ أَكْفَرَهُۥ ۝

Qutilal insaanu maa akfarah.

18. Dieling, saka apa Gusti Allah nitahake?

١٨- مِنْ أَيِّ شَيْءٍ خَلَقَهُ ۝

Min ayyi syai-in khalaqah.

19. PanjenengaNe Allah nitahake manungsa iku saka banyu mani, nuli dikantheni papesthene,

١٩- مِنْ نُّطْفَةٍ خَلَقَهُ فَقَدَّرَهُ ۝

Min nuthfatin khalaqahuu faqaddarah.

20. Allah banjur anggampangake dalane manungsa,

٢٠- ثُمَّ السَّبِيلَ يَسَّرَهُ ۝

Tsummas sabiila yassarah.

21. Banjur dipateni, lan dikubur,

٢١- ثُمَّ أَمَاتَهُ فَأَقْبَرَهُ ۝

Tsumma amaatahuu fa-aqbarah.

22. Nuli manawa dadi kaparenging karsaNe Allah, PanjenengaNe nguripake wong kang wus mati.

٢٢- ثُمَّ إِذَا شَاءَ أَنشَرَهُ ۝

Tsumma idzaa syaa-a ansyarah.

23. Babar pisan aja mangkono! Satemene manungsa durung netepi apa kang wus diparentahake marang dheweke.

٢٣- كَلَّا لَمَّا يَقْضِ مَا أَمَرَهُ ۝

Kallaa lammaa yaqdhi maa amarah.

24. Bok hiyaa, manungsa iku mikir marang pangane!

٢٤- فَلْيَنظُرِ الْإِنسَانُ إِلَىٰ طَعَامِهِ ۝

Falyanzhuril insaanu ilaa tha'aamih.

25. Sayekti Ingsun wus anurunake banyu saka mendhung,

٢٥- أَنَّا صَبَبْنَا الْمَاءَ صَبًّا ۝

Annaa shababnal maa-a shabbaa.

26. Ingsun banjur nyigar-nyigar Bumi kalawan thethukulane.

٢٦- ثُمَّ شَقَقْنَا الْأَرْضَ شَقًّا ۝

Tsumma syaqaqnal ardha syaqqaa.

27. Ingsun nuli nukulake wiji ana ing Bumi kono.

٢٧- فَأَنبَتْنَا فِيهَا حَبًّا ۝

Fa-ambatnaa fiihaa habbaa.

28. Lan woh anggur sarta sayur-sayuran,

٢٨- وَعِنَبًا وَقَضْبًا ۝

Wa 'inabaw wa qadhbaa.

29. Wit Zaitun lan wit kurma,

٢٩ - وَّزَيْتُوْنًا وَّنَخْلًا ۝

Wa zaituunaw wa nakhlaa.

30. Lan pakebonan kang ngrembuyung godhonge tur biyet wohe,

٣٠ - وَّحَدَآئِقَ غُلْبًا ۝

Wa hadaa-iqa ghulbaa.

31. Apa dene woh-wohan sarta sesuketan.

٣١ - وَّفَاكِهَةً وَّاَبًّا ۝

Wa faakihataw wa abbaa.

32. Mirunggan kanggo kasenenganira, lan kanggo raja-kayanira.

٣٢ - مَّتَاعًا لَّكُمْ وَلِاَنْعَامِكُمْ ۝

Mataa'al lakum wa li-an'aamikum.

33. Mangka, manawa wus tumeka mangsane kasebul sangkakala (dening Malaikat Israfil kang kapindho),

٣٣ - فَاِذَا جَآءَتِ الصَّآخَّةُ ۝

Fa-idzaa jaa-atish shaakhkhah.

34. Yaiku dinane wong bakal padha lumayu ngedoh saka sadulure.

٣٤ - يَوْمَ يَفِرُّ الْمَرْءُ مِنْ اَخِيْهِ ۝

Yauma yafirrul mar'u min akhiih.

35. Lan Ngedoh saka Biyung lan Bapakne.

٣٥ - وَاُمِّهٖ وَاَبِيْهِ ۝

Wa ummihii wa abiih.

36. Lan ngedoh saka Bojo lan anake.

٣٦ - وَصَاحِبَتِهٖ وَبَنِيْهِ ۝

Wa shaahibatihii wa baniih.

37. Lan dina iku tumrap siji-sijining wong padha ribet mikirake prakarane dhewe-dhewe.

٣٧ - لِكُلِّ امْرِئٍ مِّنْهُمْ يَوْمَئِذٍ شَاْنٌ يُّغْنِيْهِ ۝

Likullim-ri-im minhum yauma-idzin sya'nuy yughniih.

38. Ing dina iku akeh rai kang mencorong,

٣٨ - وُجُوْهٌ يَّوْمَئِذٍ مُّسْفِرَةٌ ۝

Wujuuhuy yauma-idzim musfirah.

39. Padha katon gumuyu lan bungah-bungah.

٣٩ - ضَاحِكَةٌ مُّسْتَبْشِرَةٌ ۝

Dhaahikatum musytabsyirah.

40. Lan ing dina iku, pirang-pirang rai kang ambaledug,

٤٠ - وَوُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ عَلَيْهَا غَبَرَةٌ ۝

Wa wujuuhuy yauma-idzin 'alaihaa ghabarah.

41. Katutup ing ulat peteng,[1051)]

٤١ - تَرْهَقُهَا قَتَرَةٌ ۝

Tarhaquhaa qatarah.

42. Wong kang kaya mangkono mau, ya-iku wong kafir kang padha duraka.

٤٢ - أُولَٰئِكَ هُمُ الْكَفَرَةُ الْفَجَرَةُ ۝

Ulaa-ika humul kafaratul fajarah.

***)

1051). **Jalaran sami sisah kapatrapan siksa.**

***). **Katerangan ingkang sasambetan ing antawisipun surat 'Abasa kalayan surat At Takwir (Nggulung) makaten:**
1. Sami-sami nerangaken bilih benjing ing dinten Qiyamat, para manungsa kabage kalih bagean, lan kawontenan gegeran anggegirisi ing dinten wau ugi.
2. Wonten ing surat 'Abasa, Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. dipun engetaken supados nanggapi manungsa punika kedah sami-sami, boten pareng benten-bentenaken antawisipun ingkang wuta kalayan ingkang boten wuta upaminpun! Kados demokratis ing bab tata-hukum, sintena kemawon kedah dipun layani dening Hukum sarana layanan ingkang sami!

AT TAKWIR (NGGULUNG)

Surat kaping 81 : 29 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Masadd.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Manungsa eling tumindake nalika ana ing Donya, sawuse weruh lelakon anggegirisi ing Akherat.

1. Manawa Srengenge wus digulung (lan kahanane dadi surem),

١ - اِذَا الشَّمْسُ كُوِّرَتْ ○
Idzasy syamsu kuwwirat.

2. Lan manawa Lintang-lintang wus padha runtuh,

٢ - وَاِذَا النُّجُوْمُ انْكَدَرَتْ ○
Wa-idzan nujuumun kadarat.

3. Lan manawa Gunung-gunung wus padha dilakokake,

٣ - وَاِذَا الْجِبَالُ سُيِّرَتْ ○
Wa-idzal jibaalu suyyirat.

4. Lan manawa Unta meteng wus sepuluh sasi ora diopeni, dieculake.

٤ - وَاِذَا الْعِشَارُ عُطِّلَتْ ○
Wa-idzal 'isyaaru 'uththilat.

5. Lan manawa sato galak wus padha diklumpukake,

٥ - وَاِذَا الْوُحُوْشُ حُشِرَتْ ○
Wa-idzal wuhuusyu husyirat.

6. Lan manawa Segara banyune umob ambludag.

٦ - وَاِذَا الْبِحَارُ سُجِّرَتْ ○
Wa-idzal bihaaru sujjirat.

7. Lan manawa Roh-roh dijodhokake karo raga-ragane,

٧ - وَاِذَا النُّفُوْسُ زُوِّجَتْ ○
Wa-idzan nufuusu zuwwijat.

8. Lan manawa bayi-bayi wadon kang dipendhem urip-uripan wus didangu,

٨ - وَإِذَا الْمَوْءُدَةُ سُئِلَتْ ۝

Wa-idzal mau-uudatu su-ilat.

9. Sabab dening apa dheweke padha dipateni,

٩ - بِأَيِّ ذَنْبٍ قُتِلَتْ ۝

Bi-ayyi dzambin qutilat.

10. Lan manawa Buku cathetan amal wus dibukak,

١٠ - وَإِذَا الصُّحُفُ نُشِرَتْ ۝

Wa idzash shuhufu nusyirat.

11. Lan manawa Langit wus dibeset,

١١ - وَإِذَا السَّمَاءُ كُشِطَتْ ۝

Wa-idzas samaa-u kusyithat

12. Lan manawa Neraka Jahim wus diurubake,

١٢ - وَإِذَا الْجَحِيمُ سُعِّرَتْ ۝

Wa-idzal jahiimu su"irat.

13. Lan manawa Suwarga wus dicerakake marang ahline,

١٣- وَإِذَا الْجَنَّةُ أُزْلِفَتْ ۝

Wa-idzal jannatu uzlifat.

14. Temen sakabehing awak padha sumurup apa amal kang wus padha ditindakake.

١٤- عَلِمَتْ نَفْسٌ مَا أَحْضَرَتْ ۝

'Alimat nafsum maa ah-dharat.

Muhammad iku dudu wong owah akale, ananging Utusaning Allah kang kaparingan ngampil Kitab Quraan.

15. Mula ora mangkono! Yekti, Ingsun Sumpah kalawan Lintang-lintang kang lumaku bali.

١٥- فَلَا أُقْسِمُ بِالْخُنَّسِ ۝

Falaa uqsimu bil khunnas.

16. Kang padha mider-mider, lan surup.

١٦- الْجَوَارِ الْكُنَّسِ ۝

Aljawaaril kunnas.

17. Demi wayah wengi manawa wus mungkur

١٧- وَاللَّيْلِ إِذَا عَسْعَسَ ۝

Wallaili idzaa 'as'as.

18. Demi wektu Subuh manawa fajare wiwit mlethek madhangi.

١٨- وَالصُّبْحِ إِذَا تَنَفَّسَ ۝

Washshub-hi idzaa tanaffas.

19. Satemene Quraan iku pangandikanIng Allah, kang diampil dening Utusan Jibril kang minulya,

١٩- إِنَّهُ لَقَوْلُ رَسُولٍ كَرِيمٍ ۝

Innahuu laqaulu rasuulin kariim.

20. Kang prakosa ana ing ngarsa dalem Allah PangeranIng 'Arsy, kang pangkat luhur.

٢٠- ذِي قُوَّةٍ عِنْدَ ذِي الْعَرْشِ مَكِينٍ ۝

Dzi quwwatin 'inda dzil 'arsyi makiin.

21. Kang dianut dening para Malaikat ing Langit, tur pinercaya.

٢١- مُطَاعٍ ثَمَّ أَمِينٍ ۝

Muthaa'in tsamma amiin.

22. Lan Sekabatira Muhammad iku dudu wong kang owah akale!

٢٢- وَمَا صَاحِبُكُمْ بِمَجْنُونٍ ۝

Wamaa shaahibukum bimajnuun.

23. Panjenengane Muhammad wus sumurup temenan sarana cetha wela-wela marang Malaikat Jibril tur wantah ana ing jajahaning (wewengkoning) Langit.

٢٣- وَلَقَدْ رَآهُ بِالْأُفُقِ الْمُبِينِ ۝

Walaqad ra-aahu bil ufuqil mubiin.

24. Lan panjenengane Muhammad iku ora bakhil anerang-nerangake ing prakara ghaib.

٢٤- وَمَا هُوَ عَلَى الْغَيْبِ بِضَنِينٍ ۝

Wamaa huwa 'alal ghaibi bidhaniin.

25. Lan Quraan iku dudu pangucape syetan kang diranjam.

٢٥- وَمَا هُوَ بِقَوْلِ شَيْطَانٍ رَجِيمٍ ۝

Wamaa huwa biqauli syaithaanir rajiim.

26. Jalaran iku, menyanga ngendi bae sira arep padha lunga [1052)]

٢٦- فَأَيْنَ تَذْهَبُونَ ۝

Fa-aina tadzhabuun.

1052). **Artosipun badhe kesah dhateng pundi malih perlu pados cecepenganing gesang dhateng sasanesipun Quraan, ingkang sampun cetha dhawuhing Allah, kaampil Malaikat Jibril dhumateng Junjungan kita Nabi Muhammad s.a.w.**

27. Sayekti Quraan iku tansah dadi pe-peling tumrap 'alam Jagad Raya,

٢٧- إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعٰلَمِيْنَ ۝

In huwa illaa dzikrul lil 'aalamiin.

28. Marang sapa bae saka sira kabeh kang gelem tumindak bener.

٢٨- لِمَنْ شَآءَ مِنْكُمْ أَنْ يَّسْتَقِيْمَ ۝

Liman syaa-a minkum ay yastaqiim.

29. Lan ora babar-pisan sira duwe karep, kajaba yen wus dadi kaparenging kersaNe Allah, PangeranIng 'alam Jagadrat.

***)

٢٩- وَمَا تَشَآءُوْنَ إِلَّآ أَنْ يَّشَآءَ اللّٰهُ رَبُّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Wamaa tasyaa-uuna illaa ay-yasyaa-allaahu rabbul 'aalamiin.

***). Intisarining katerangan ingkang sasambetan antawisipun surat At Takwir kalayan surat Infithaar (Kasigar) makaten:
1. Wonten ing surat At Takwir katerangaken bilih saben jiwa punika tamtu mangertosi punapa tumindakipun badan (raga), dene wonten ing surat Infithaar dipun gamblangaken malih sarta cetha sanget manungsa punika benjing wonten ing Akherat boten saged lung-tinulung! Lan boten wonten paribasan „Suwarga nunut, Neraka katut", boten cocok ing akal menggahing tanggel jawab satunggal satunggaling pribadi.

AL INFITHAAR (KASIGAR)

Surat kaping 82 : 19 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat An Naazi'aat.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Cacad gedhe tumrap manungsa kang duraka ing Allah.

1. Manawa Langit wus kasigar!

١ - إِذَا السَّمَآءُ انْفَطَرَتْ ۝

Idzas samaa-un fatharat.

2. Lan manawa Lintang-lintang wus padha gogrog.

٢ - وَإِذَا الْكَوَاكِبُ انْتَثَرَتْ ۝

Wa-idzal kawaakibun-tatsarat.

3. Lan manawa Samudera wus dimbludagake, kang tawa campur kalawan kang asin.

٣ - وَإِذَا الْبِحَارُ فُجِّرَتْ ۝

Wa-idzal bihaaru fujjirat.

4. Lan manawa isi kuburan-kuburan wus kabongkar ditangekake.

٤ - وَإِذَا الْقُبُوْرُ بُعْثِرَتْ ۝

Wa-idzal qubuuru bu'tsirat.

5. Mula sarupaning awak bakal mangerti apa tumindak kang wus dilakoni lan kang dilirwakake.

٥ - عَلِمَتْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ وَأَخَّرَتْ ۝

'Alimat nafsum maa qaddamat wa akhkharat.

6. He manungsa! apa kang nglimputi ngapusi sira, nganti sira wani duraka ing Allah Pangeranira kang Maha Mulya?

٦ - يَآأَيُّهَا الْإِنْسَانُ مَا غَرَّكَ بِرَبِّكَ الْكَرِيْمِ ۝

Yaa ayyuhal insaanu maa gharraka birabbikal kariim.

٧ - الَّذِىْ خَلَقَكَ فَسَوّٰىكَ فَعَدَلَكَ ۙ

Alladzii khalaqaka fasawwaaka fa'adalak.

7. Yaiku Dzat kang wus nitahake ing sira, nuli anyampurnakake tumitahira, sarta andadekake dhapukane awakira satimbang (babag).

٨ - فِىْٓ اَىِّ صُوْرَةٍ مَّا شَآءَ رَكَّبَكَ ؕ

Fii ayyi shuuratim maa syaa-a rakkabak.

8. Ana ing blegering wujud apa bae kang dikersakake dening Pangeran, PanjenengaNe andhapuk raganira.

٩ - كَلَّا بَلْ تُكَذِّبُوْنَ بِالدِّيْنِ ۙ

Kallaa bal tukadzdzibuuna biddiin.

9. Ora mung duraka bae, malah sira padha anggorohake dina piwales.

Sakabehing peri-lakune manungsa dicathet dening Malaikat, lan nampa piwales kang satimbang.

١٠ - وَاِنَّ عَلَيْكُمْ لَحٰفِظِيْنَ ۙ

Wa inna 'alaikum lahaafizhiin.

10. Ing mangka, tumrap sira kabeh ana Malaikat kang tansah nitipriksa tumindakira.

١١ - كِرَامًا كَاتِبِيْنَ ۙ

Kiraaman kaatibiin.

11. Yaiku para Malaikat kang minulya ing ngarsanIng Allah, sarta nulisi amalira.

١٢ - يَعْلَمُوْنَ مَا تَفْعَلُوْنَ ۝

Ya'lamuuna maa taf'aluun.

12. Para Malaikat iku padha pirsa apa kang padha sira tindakake.

١٣ - اِنَّ الْاَبْرَارَ لَفِىْ نَعِيْمٍ ۚ

Innal abraara lafii na'iim.

13. Satemene wong-wong kang padha becik-becik, bekti tur dhedhepe ing Allah, iku padha manggon ana ing Suwarga Na'im.

١٤ - وَاِنَّ الْفُجَّارَ لَفِىْ جَحِيْمٍ ۚ

Wa innal fujjara lafii jahiim.

14. Lan sanyata wong-wong kang padha dosa, marang syara' iku padha manggon ana ing Neraka Jahim.

١٥ - يَّصْلَوْنَهَا يَوْمَ الدِّيْنِ ۝

Yashlau nahaa yaumaddiin.

15. Wong-wong mau bakal lumebu ing Neraka ana ing dina piwales.

١٦ - وَمَا هُمْ عَنْهَا بِغَآئِبِيْنَ ؕ

Wamaa hum 'anhaa bighaa-ibiin.

16. Dheweke ora bisa oncat saka ing Neraka kono.

17. Muhammad! apa sira wus sumurup, dina piwales iku dina apa?

١٧- وَمَآ أَدْرٰىكَ مَا يَوْمُ الدِّيْنِ ۝

Wamaa ad-raaka maa yaumuddiin.

18. Nuli apa sira wus sumurup, dina piwales iku dina apa?

١٨- ثُمَّ مَآ أَدْرٰىكَ مَا يَوْمُ الدِّيْنِ ۝

Tsumma ad-raaka maa yaumuddiin.

19. Yaiku dina nalika ora ana siji wong bae bisa tetulung ing liyan, hiya ing dina iku sakabehing prakara ana ing ngastaNe Allah piyambak.

***)

١٩- يَوْمَ لَا تَمْلِكُ نَفْسٌ لِّنَفْسٍ شَيْـًٔا ۖ وَالْأَمْرُ يَوْمَئِذٍ لِّلّٰهِ ۝

Yauma laa tamliku nafsul linafsin syai-aa, wal amru yauma-idzil lillaah.

). **Sasambetaning katerangan antawising surat Infithaar kalayan surat Al Muthaffifiin (Wong kang padha curang) makaten:
Sarana cekak aos wonten ing surat Infithaar nerangaken manungsa dados kalih golongan ing benjing dinten Qiyamat, inggih punika tiyang "abraar" inggih tiyang ahli kasaenan, ingkang badhe dipun panggenaken ing Suwarga, sabab iman lan amal shaleh-ipun, lan tiyang "fujjaar" inggih tiyang ahli damel risak (begasakan) ingkang tamtu dipun siksa ing Neraka Jahanam, sabab duraka lan tekebur. Dene manawi wonten ing surat Al Muthaffifiin tiyang kalih golongan kasebat digamblangaken malih, situasi lan kawusananipun.

AL MUTHAFFIFIIN (WONG KANG PADHA CURANG)

Surat kaping 83 : 36 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Ankabuut.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Ancaman tumrap wong kang naker lan nimbang kalawan curang!

1. Cilaka banget wong kang padha nyuda takeran lan timbangan.

١ - وَيْلٌ لِّلْمُطَفِّفِيْنَ ۙ

Wailul lil muthaffifiin.

2. Yaiku wong-wong kang manawa nampa takeran saka liyan, njaluk tetep!

٢ - الَّذِيْنَ اِذَا اكْتَالُوْا عَلَى النَّاسِ يَسْتَوْفُوْنَ ۖ

Alladziina idzaktaaluu 'alan-naasi yastaufuun.

3. Dene manawa padha naker utawa nimbang kanggo liyan, dheweke padha nyuda!

٣ - وَاِذَا كَالُوْهُمْ اَوْ وَّزَنُوْهُمْ يُخْسِرُوْنَ ۝

Wa-idzaa kaaluu hum awwazanuu hum yukhsiruun.

4. Apa wong kang mangkono iku padha ora ngira manawa satemene dheweke bakal ditangekake saka kubur, urip maneh?

٤ - اَلَا يَظُنُّ اُولٰٓئِكَ اَنَّهُمْ مَّبْعُوْثُوْنَ ۙ

Alaa yazhunnu ulaa-ika annahum mab'uutsuun.

5. Besuk ana ing dina kang gedhe pakewuhe, yaiku Qiyamat,

٥ - لِيَوْمٍ عَظِيْمٍ ۙ

Liyaumin 'azhiim.

6. Yaiku dinane para manungsa padha ngadeg sowan marang ngarsa dalem Allah

٦ - يَّوْمَ يَقُوْمُ النَّاسُ لِرَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝

Yauma yaquumun naasu lirabbil 'aalamiin.

PangeraNe 'alam Jagad Raya, jalaran arep dihisab lan diwales kalawan piwales kang sampurna!

Nasibe wong kang duraka ing dina Qiyamat.

7. Aja pisan-pisan laku curang! jalaran wus nyata, buku cathetan amale wong duraka iku ana ing Sijjiin.

٧- كَلَّآ إِنَّ كِتَٰبَ ٱلْفُجَّارِ لَفِى سِجِّينٍ ۝

Kallaa inna kitaabal fujjaari lafii sijjiin.

8. Muhammad, apa sira wus sumurup Sijjiin iku apa?

٨- وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا سِجِّينٌ ۝

Wamaa ad-raaka maa sijjiin.

9. Yaiku buku cathetan kang katulis.

٩- كِتَٰبٌ مَّرْقُومٌ ۝

Kitaabum marquum.

10. Cilaka banget ing dina iku wong kang padha maido.

١٠- وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ۝

Wailuy yauma-idzil lil mukadzdzibiin.

11. Yaiku wong kang padha maido ing dina piwales.

١١- ٱلَّذِينَ يُكَذِّبُونَ بِيَوْمِ ٱلدِّينِ ۝

Alladziina yukadzdzibuuna biyaumid-diin.

12. Lan ora ana wong kang padha maido dina piwales, kajaba wong lacut kang banget durakane.

١٢- وَمَا يُكَذِّبُ بِهِۦٓ إِلَّا كُلُّ مُعْتَدٍ أَثِيمٍ ۝

Wamaa yukadzdzibu bihii illaa kullu mu'tadin atsiim.

13. Manawa Ayat-AyatIngsun diwacakake marang wong-wong mau, dheweke padha ngucap: "Quraan iku dedongengane wong-wong jaman kuna!".

١٣- إِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِ ءَايَٰتُنَا قَالَ أَسَٰطِيرُ ٱلْأَوَّلِينَ ۝

Idzaa tut-laa 'alaihi aayaatunaa qaala asaathiirul awwaliin.

14. Babar pisan ora mangkono! ucapan mangkono mau kleru! Sanyata amal durakane wong-wong mau wus nutupi atine wong iku kabeh.

١٤- كَلَّا بَلْ ۜ رَانَ عَلَىٰ قُلُوبِهِم مَّا كَانُوا۟ يَكْسِبُونَ ۝

Kallaa bal - raana 'alaa quluubihim maa kaanuu yaksibuun.

15. Babar pisan ora! wus nyata wong-wong kafir iku besuk dina Qiyamat padha katutupan saka rahmatIng Allah Pangerane.

١٥- كَلَّآ إِنَّهُمْ عَن رَّبِّهِمْ يَوْمَئِذٍ لَّمَحْجُوبُونَ ۝

Kallaa innahum 'arrabbihim yauma-idzil lamahjuubuun.

16. Banjur, satemene dheweke padha lumebu Neraka Jahim.

١٦- ثُمَّ إِنَّهُمْ لَصَالُوا الْجَحِيمِ ۝

Tsumma innahum lashaalul jahiim.

17. Banjur, didhawuhake: "Neraka Jahim iki, kang sira padha paido biyen!".

١٧- ثُمَّ يُقَالُ هَٰذَا الَّذِي كُنتُم بِهِ تُكَذِّبُونَ ۝

Tsumma yuqaalu haadzal ladzii kuntum bihii tukadzdzibuun.

Kabegjan agung tumrap wong kang padha bekti ing Allah, besuk ing dina Qiyamat.

18. Babar pisan ora! temen wus nyata, yen buku cathetan amale wong-wong kang padha becik iku ana ing 'Illiyyiin. 1053)

١٨- كَلَّآ إِنَّ كِتَٰبَ الْأَبْرَارِ لَفِي عِلِّيِّينَ ۝

Kallaa inna kitaabal abraari lafii 'illiyyiin.

19. Muhammad, apa sira wus sumurup 'Illiyyiin iku apa?

١٩- وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا عِلِّيُّونَ ۝

Wamaa ad-raaka maa 'illiyyuun.

20. Yaiku buku cathetan kang katulis.

٢٠- كِتَٰبٌ مَّرْقُومٌ ۝

Kitaabum marquum.

21. Kang kaseksen dening para Malaikat Muqarrabuun, yaiku kang kacedhak ing Allah.

٢١- يَشْهَدُهُ الْمُقَرَّبُونَ ۝

Yasyhaduhul muqarrabuun.

22. Satemene wong kang padha becik iku ana ing Suwarga Na'im.

٢٢- إِنَّ الْأَبْرَارَ لَفِي نَعِيمٍ ۝

Innal abraara lafii na'iim.

1053). **Suraosipun bilih benjing ing dinten Qiyamat punika wonten warni kalih cathetan amalipun manungsa: 1. Buku cathetan "Sijjiin" ingkang nyatheti sadaya amal ingkang dosa lan maiben dinten Qiyamat. 2. Buku cathetan "Illiyyiin" ingkang nyatheti amalipun tiyang ingkang iman lan amal shaleh karana Allah SWT.**

23, Padha lelungguhan ana ing kantil (dipan) kanthi mirsani warna-warnaning ganjaran.

٢٣- عَلَى الْاَرَآئِكِ يَنْظُرُوْنَ ۙ

'Alal araa-iki yanzhuruun.

24. Muhammad, sira weruh dhewe raine wong kang padha becik mau katon gumrining labet saka oleh kani'matan.

٢٤- تَعْرِفُ فِيْ وُجُوْهِهِمْ نَضْرَةَ النَّعِيْمِ ۚ

Ta'rifu fii wujuuhihim nadhratan na'iim.

25. Padha diparingi omben-omben sajeng kang bening, tur wadhahe dipatri.

٢٥- يُسْقَوْنَ مِنْ رَّحِيْقٍ مَّخْتُوْمٍ ۙ

Yusqauna mir rahiiqim makhtuum..

26. Patrine saka kasturi, lan ana ing kani'matan mangkono iku padha bebalapan wong kang padha balapan.

٢٦- خِتٰمُهٗ مِسْكٌ ۗ وَفِيْ ذٰلِكَ فَلْيَتَنَافَسِ الْمُتَنَافِسُوْنَ ۗ

Khitaamuhuu miskun, wa fii dzaalika falyatanaafasil mutanaafisuun.

27. Lan campurane sajeng mau saka sumberan Suwarga Tasnim.

٢٧- وَمِزَاجُهٗ مِنْ تَسْنِيْمٍ ۗ

Wa mizaajuhuu min tasniim.

28. Yaiku sumber agung omben-ombene wong-wong kang kacedhak marang Allah.

٢٨- عَيْنًا يَّشْرَبُ بِهَا الْمُقَرَّبُوْنَ ۗ

'Ainay yasyrabu bihal muqarrabuun.

Tumrap wong kang ngiwi-iwi marang wong Mu'min, bakal diwales ing dina Qiyamat.

29. Satemene wong kang padha dosa iku biyen ana ing Donya padha memoyoki marang wong Mu'min.

٢٩- اِنَّ الَّذِيْنَ اَجْرَمُوْا كَانُوْا مِنَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا يَضْحَكُوْنَ ۘ

Innal ladziina ajramuu kaanuu minal ladziina aamanuu yadh-hakuun.

30. Lan manawa dheweke padha lumaku bebarengan karo wong Mu'min, wong dosa mau padha maleroki kedhip-kedhip matane.

٣٠- وَاِذَا مَرُّوْا بِهِمْ يَتَغَامَزُوْنَ ۘ

Wa idzaa marruu bihim yataghaamazuun.

31. Lan manawa dheweke padha bali marang ahli-ahline, mangka baline mau padha gembira.

٣١- وَاِذَا انْقَلَبُوْٓا اِلٰٓى اَهْلِهِمُ انْقَلَبُوْا فَكِهِيْنَ ۘ

Wa idzan qalabuu ilaa ahlihimun qababuu fakihiin.

32. Lan manawa dheweke padha ndeleng marang wong Mu'min padha ngucap: "Sanyata wong-wong Mu'min iku temen padha sasar!"

٣٢- وَإِذَا رَأَوْهُمْ قَالُوٓا إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ لَضَآلُّونَ ۝

Wa idzaa ra-auhum qaaluu inna haa-ulaa-i ladhaalluun.

33. Ing mangka wong-wong kafir iku ora padha kautus dening Allah ngreksa para wong Mu'min.

٣٣- وَمَآ أُرْسِلُوا۟ عَلَيْهِمْ حَٰفِظِينَ ۝

Wamaa ursiluu 'alaihim haafizhiin.

34. Mangka ing dina Qiyamat iki para wong Mu'min padha males anggeguyu marang wong-wong kafir.

٣٤- فَٱلْيَوْمَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مِنَ ٱلْكُفَّارِ يَضْحَكُونَ ۝

Falyaumal ladziina aamanuu minal kuffaari yadh-hakuun.

35. Padha lelungguhan ana ing kantil (dipan) kanthi mirsani warna-warnaning ganjaran.

٣٥- عَلَى ٱلْأَرَآئِكِ يَنظُرُونَ ۝

'Alaal araa-iki yanzhuruun.

36. Apa wong-wong kafir iku kawales tumrap tumindake kang wus ditindakake? Mesthi bae diwales!

٣٦- هَلْ ثُوِّبَ ٱلْكُفَّارُ مَا كَانُوا۟ يَفْعَلُونَ ۝

Hal tsuwwibal kuffaaru maa kaanuu yaf'aluun.

***)

***). **Intisarining katerangan ingkang sasambetan antawisipun surat Al Muthaaffifiin kalayan surat Al Insyiqaaq (Kabengkah) makaten:**

1. Allah SWT anggambaraken pola ancamanipun kangge tiyang ingkang kafir, lan tiyang ingkang taqwa ing Allah sarta nindakaken amal kasaenan, makaten wonten kakalihipun surat kasebat.

2. Wonten ing surat Al Muthaaffifiin, Allah SWT anerangaken sarana kaputusanipun bilih sadaya amalipun manungsa, sae utawi awon, dipun cathet sarana teliti wonten buku cathetan amal satunggal satunggaling manungsa, dene wonten ing surat Al Insyiqaaq diterangaken cara pambageanipun.

AL INSYIQAAQ (KABENGKAH)

Surat kaping 84 : 25 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Infithaar.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Manawa Langit wus bengkah.

١- اِذَا السَّمَآءُ انْشَقَّتْ ۝

Idzas samaa-un syaqqat.

2. Lan Langit iku ngestokake prentaning Allah Pangerane, lan samesthine Langit iku ngestokake.

٢- وَاَذِنَتْ لِرَبِّهَا وَحُقَّتْ ۝

Wa adzinat lirabbihaa wa huqqat.

3. Lan manawa Bumi wus diratakake amba.

٣- وَاِذَا الْاَرْضُ مُدَّتْ ۝

Wa idzal ardhu muddat.

4. Banjur nguntahake isen-isene Bumi nganthi kothong resik.

٤- وَاَلْقَتْ مَا فِيْهَا وَتَخَلَّتْ ۝

Wa alqat maa fiihaa watakhallat.

5. Lan Bumi ngestokake prentaning Allah Pangerane, lan samesthine Bumi iku ngestokake!

٥- وَاَذِنَتْ لِرَبِّهَا وَحُقَّتْ ۝

Wa adzinat lirabbihaa wa huqqat.

6. He para manungsa! satemene sira kabeh iku wus temen-temen tumindak nganti sowan ing ngarsa dalem Allah Pangeranira, mula sira besuk dina Qiyamat mesthi bakal ngadhep ing ngarsaNe.

٦- يٰٓاَيُّهَا الْاِنْسَانُ اِنَّكَ كَادِحٌ اِلٰى رَبِّكَ كَدْحًا فَمُلٰقِيْهِ ۝

Yaa ayyuhal insaanu innaka kaadihun ilaa rabbika kad-han famulaaqiih.

7. Jalaran saka iku, sing sapa kaparingan buku cathetan amale katampa kalayan tangan tengen,

٧- فَاَمَّا مَنْ اُوْتِيَ كِتٰبَهٗ بِيَمِيْنِهٖ ۝

Fa-ammaa man uutiya kitaabahuu biyamiinih.

8. Mângka dheweke bakal katiti-priksa kalawan gampang,

٨- فَسَوْفَ يُحَاسَبُ حِسَابًا يَّسِيْرًا ۝

Fasaufa yuhaasabu hisaabay yasiiraa.

9. Lan dheweke bakal bali marang ahline kalawan bungah-bungah.

٩- وَّيَنْقَلِبُ اِلٰٓى اَهْلِهٖ مَسْرُوْرًا ۝

Wa yanqalibu ilaa ahlihii masruuraa.

10. Dene sing sapa kaparingan buku catetan amale saka ing buri,

١٠- وَاَمَّا مَنْ اُوْتِيَ كِتٰبَهٗ وَرَآءَ ظَهْرِهٖ ۝

Wa ammaa man uutiya kitaabahuu waraa-a zhahrih.

11. Dheweke bakal padha sesambat : "Adhuh cilaka!".

١١- فَسَوْفَ يَدْعُوْا ثُبُوْرًا ۝

Fasaufa yad'uu tsubuuraa.

12. Lan dheweke bakal nyemplung Neraka Sa'ir (kang mulat-mulat).

١٢- وَّيَصْلٰى سَعِيْرًا ۝

Wa yashlaa sa'iiraa.

13. Temen wong iku nalika ana Donya padha omong suka pari-suka karo ahline (padha dene kafir).

١٣- اِنَّهٗ كَانَ فِيْٓ اَهْلِهٖ مَسْرُوْرًا ۝

Innahuu kaana fii ahlihii masruuraa.

14. Temen dheweke wus ngira manawa dheweke ora bakal bali sowan marang ngarsa dalem Allah (Ora mangkono).

١٤- اِنَّهٗ ظَنَّ اَنْ لَّنْ يَّحُوْرَ ۚ

Innahuu zhanna allay yahuuraa.

15. Dhasar nyata bener! Sanyata Allah Pangerane Priksa marang dheweke.

١٥- بَلٰٓى ۚ اِنَّ رَبَّهٗ كَانَ بِهٖ بَصِيْرًا ۝

Balaa, inna rabbahuu kaana bihii bashiiraa.

Manungsa ngalami proses panguripan sathithik mbaka sathithik.

16. Sayekti Ingsun sumpah: "Demi mega abang mbranang ing bang-bang Kulon, sawuse surup Srengenge!".

١٦- فَلَآ اُقْسِمُ بِالشَّفَقِ ۝

Falaa uqsimu bisysyafaq.

17. Demi wengi lan apa kang dikrukubi.

١٧- وَالَّيْلِ وَمَا وَسَقَ ۝

Wallaili wamaa wasaq.

18. Demi Rembulan nalikane purnama.

١٨ - وَالْقَمَرِ إِذَا اتَّسَقَ ۙ

Wal qamari idzat tasaq.

19. Sanyata sira manungsa iku nglakoni tingkah-laku kang pangkat-pangkat, ana ing proses kauripan.

١٩ - لَتَرْكَبُنَّ طَبَقًا عَنْ طَبَقٍ ۚ

Latarkabunna thabaqan 'an thabaq.

20. Yagene manungsa ora gelem iman?

٢٠ - فَمَا لَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ۙ

Famaa lahum laa yu'minuun.

21. Lan manawa Quraan diwacakake marang dheweke, ora padha gelem sujud (tundhuk).

٢١ - وَإِذَا قُرِئَ عَلَيْهِمُ الْقُرْآنُ لَا يَسْجُدُونَ ۩

Wa-idzaa quri-a 'alaihimul qur-aanu laa yas-juduun.

22. Wong-wong kafir malah padha maido.

٢٢ - بَلِ الَّذِينَ كَفَرُوا يُكَذِّبُونَ ۝

Balil ladziina kafaruu yukadzdzibuun.

23. Ing mangka Allah luwih Nguningani barang kang disidhem ana ing atine.

٢٣ - وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا يُوعُونَ ۝

Wallaahu a'lamu bimaa yuu'uun.

24. Muhammad, bebungahen wong-wong kafir iku kalawan siksa kang nglarani.

٢٤ - فَبَشِّرْهُمْ بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ۙ

Fabasysyirhum bi'adzaabin aliim.

25. Kajaba para wong Mu'min lan nindakake laku becik, iku bakal tampa ganjaran kang tanpa pedhot.

***)

٢٥ - إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَهُمْ أَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُونٍ ۝

Illalladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lahum ajrun ghairu mamnuun.

***). **Katerangan ingkang sasambetan ing antawisipun surat Insyiqaaq kalayan surat Al Buruj (Dhompolan Lintang) makaten:**
Ing surat Al Insyiqaaq katerangaken bilih titiyang musyrik sampun anggadhahi sikep tartamtu dhateng ngrembakaning Da'wah Islamiyah, dene wonten ing surat Al Buruj bilih sikepipun titiyang musyrik lan tandang tandukipun kados dene ingkang sampun-sampun, ngalang-alangi tiyang badhe iman lan amal kasaenan saking tuntunanipun para Andika Nabi, sarta damel lampah sagendhingipun maksiyatan ingkang damel karisakan ing Donya.

AL BURUUJ (DHOMPOLAN LINTANG)

Surat kaping 85 : 22 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Asy Syams.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Wong kang mungsuhi Muhammad s.a.w. bakal bilahi, kaya kasangsarane ummat jaman kuna mungsuhi Rasul.

١ - وَالسَّمَآءِ ذَاتِ الْبُرُوْجِ ۝

1. Demi Langit kang anduweni dhedhempolaning Lintang-Lintang.

Wassamaa-i dzaatil buruuj.

٢ - وَالْيَوْمِ الْمَوْعُوْدِ ۝

2. Lan demi dina Qiyamat kang wus dijanjekake.

Walyaumil mau'uud.

٣ - وَشَاهِدٍ وَّمَشْهُوْدٍ ۝

3. Lan demi kang nyekseni, lan kang disekseni.[1054)]

Wa syaahidiw wa masyhuud.

٤ - قُتِلَ اَصْحٰبُ الْاُخْدُوْدِ ۝

4. Temen wus dirusak disirnakake wong-wong kang padha gawe jugangan.[1055)]

Qutila ash-haabul uhduud.

٥ - النَّارِ ذَاتِ الْوَقُوْدِ ۝

5. Yaiku geni kang murub ngalad-alad.

Annaari dzaatil waquud.

1054). Ingkang nyekseni inggih punika saksi ingkang nyata leres nyekseni wontenipun, kawastanan "syahid", dene ingkang dipun sekseni, kawastanan "masyhud" punika ingkang bukti-bukti wontenipun nyata (leres); inggih punika iman ing Allah, ibadah, amal shaleh, dinten Qiyamat, kadadosan Isra' Mi'raj Nabi s.a.w., Suwarga, Neraka lan sanes-sanesipun.

1055) Suraosipun ayat: 4 - 8 punika rumiyin tiyang kafir sami kuwaos nyiksa tiyang Mu'min kabesmi ing jugangan.

٦ - إِذْ هُمْ عَلَيْهَا قُعُودٌ ۝

Idz hum 'alaihaa qu'uud.

6. Nalika wong-wong mau padha ngupeng geni sapinggiring jugangan.

٧ - وَّهُمْ عَلَىٰ مَا يَفْعَلُونَ بِالْمُؤْمِنِينَ شُهُودٌ ۝

Wahum 'alaa maa ya'aluuna bil mu'miniina syuhuud.

7. Ing mangka wong-wong mau padha nyekseni dhewe tumindake marang wong kang padha iman.

٨ - وَمَا نَقَمُوا مِنْهُمْ إِلَّا أَن يُؤْمِنُوا بِاللَّهِ الْعَزِيزِ الْحَمِيدِ ۝

Wamaa naqamuu minhum illaa ayyu'minuu billaahil 'aziizil hamiid.

8. Lan dheweke ora padha nyiksa marang wong Mu'min mau, kajaba mung jalaran wong Mu'min iku padha iman ing Allah kang Maha Mulya tur Maha Pinuji.

٩ - الَّذِي لَهُ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ۝

Alladzii lahuu mulkus samaawaati wal ardh, wallaahu 'alaa kulli syai-in syahiid.

9. PanjenengaNe Dzat kang kagungan Karatoning Langit lan Bumi. Lan Allah iku nyekseni ing atase kabeh barang.

١٠ - إِنَّ الَّذِينَ فَتَنُوا الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ ثُمَّ لَمْ يَتُوبُوا فَلَهُمْ عَذَابُ جَهَنَّمَ وَلَهُمْ عَذَابُ الْحَرِيقِ ۝

Innalladziina fatanul mu'miniina wal mu'minaati tsumma lam yatuubuu falahum 'adzaabu jahannama wa lahum 'adzaabul hariiq.

10. Temen wong kang padha gawe pitnah marang wong-wong Mu'min lanang lan wadon, banjur dheweke ora padha tobat, mangka dheweke bakal kapatrapan siksa Neraka Jahanam, lan kapatrapan siksa kang ngobong.

١١ - إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَهُمْ جَنَّاتٌ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۚ ذَٰلِكَ الْفَوْزُ الْكَبِيرُ ۝

Innal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati lahum jannaatun tajrii min tahtihal anhaaru dzaalikal fauzul kabiir.

11. Sanyata wong-wong kang padha iman lan nindakake kabecikan, wong iku bakal kaparingan ganjaran Suwarga kang ngisore ana kaline mili, hiya iku kabegjan agung.

١٢ - إِنَّ بَطْشَ رَبِّكَ لَشَدِيدٌ ۝

Inna bathsya rabbika lasyadiid.

12. Sanyata piwalese Pangeranira iku abot.

١٣ - إِنَّهُ هُوَ يُبْدِئُ وَيُعِيدُ ۝

Innahuu huwa yubdi-u wa yu'iid.

13. Sanyata PanjenengaNe kang Ngawiti lan mBalekake kabeh kadadeyan!

14. Lan PanjenengaNe iku kang Maha Agung Pangapurane lan Maha Asih.

١٤- وَهُوَ الْغَفُورُ الْوَدُودُ ۝
Wa huwal ghafuurul waduud.

15. Kang kagungan Singgasana ('Arsy) tur kang Maha Luhur.

١٥- ذُو الْعَرْشِ الْمَجِيدُ ۝
Dzul 'arsyil majiid.

16. Kang Maha Kuwasa nindakake apa kang dadi KarsaNe.

١٦- فَعَّالٌ لِّمَا يُرِيدُ ۝
Fa''aalul limaa yuriid.

17. Muhammad, apa wus teka caritane wadyabala-wadyabala mungsuhi.

١٧- هَلْ أَتَاكَ حَدِيثُ الْجُنُودِ ۝
Hal ataaka hadiitsul junuud.

18. Yaiku kaum Fir'aun lan kaum Tsamud?

١٨- فِرْعَوْنَ وَ ثَمُودَ ۝
Fir'auna wa tsamuud.

19. Nanging dhasar wong kafir iku padha tetep maido.

١٩- بَلِ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي تَكْذِيبٍ ۝
Balil ladziina kafaruu fii takdziib.

20. Ing mangka Allah iku nglimputi ing saburine wong iku kabeh.

٢٠- وَاللَّهُ مِن وَرَائِهِم مُّحِيطٌ ۝
Wallaahu min waraa-ihim muhiith.

21. Malah kang dipaido dheweke kafir iku Kitab Quraan kang Mulya.

٢١- بَلْ هُوَ قُرْآنٌ مَّجِيدٌ ۝
Bal huwa qur-aanum majiid.

22. Ana ing Lauhil Mahfuzh!

***)

٢٢- فِي لَوْحٍ مَّحْفُوظٍ ۝
Fi lauhim mahfuuzh.

ATH THAARIQ (KANG TEKA ING WAYAH BENGI)

Surat kaping 86 : 17 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Balad.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

Saben manungsa ana kang ngawat-awati lan ngreksa.

١ - وَالسَّمَآءِ وَالطَّارِقِ ۝

Wassamaa-i wath-thaariq.

1. Demi Langit lan kang teka ing wayah bengi.

٢ - وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الطَّارِقُ ۝

Wamaa ad-raaka math-thaariq.

2. Muhammad, apa sira sumurup, apa kang teka ing wayah bengi iku?

٣ - النَّجْمُ الثَّاقِبُ ۝

Annajmuts tsaaqib.

3. Yaiku Lintang-lintang kang cahayane nembus.

٤ - اِنْ كُلُّ نَفْسٍ لَّمَّا عَلَيْهَا حَافِظٌ ۝

In kullu nafsil lammaa 'alaihaa haafizh.

4. Yekti kabeh jiwa (raga) iku mesthi ana kang ngawat-awati ngreksa.

Allah kang Murbawasesa ngawiti tumitahe makhluk, lan kuwasa uga nangekake saka kubur!

٥ - فَلْيَنْظُرِ الْاِنْسَانُ مِمَّ خُلِقَ ۝

Falyanzhuril insaanu mimma khuliq.

5. Mula, manungsa padha mikira, saka apa dheweke dititahake?

٦ - خُلِقَ مِنْ مَّآءٍ دَافِقٍ ۝

Khuliqa mim maa-in daafiq.

6. Manungsa dititahake saka banyu mani kang ambal-ambalan metune.

٧ - يَخْرُجُ مِنْ بَيْنِ الصُّلْبِ وَالتَّرَآئِبِ ۝

Yakhruju mim bainish shulbi watta-raa-ib.

7. Yaiku kang metu saka iga wekasane wong lanang lan balung pungkasane wong wadon.

٨ - إِنَّهُ عَلَىٰ رَجْعِهِ لَقَادِرٌ ۝

Innahuu 'alaa raj'ihii laqaadir.

8. Sanyata Allah iku kuwasa ambalekake manungsa urip maneh saka kubur.

٩ - يَوْمَ تُبْلَى السَّرَآئِرُ ۝

Yauma tublas saraa-ir.

9. Yaiku ana ing dina nalikane kawiyak sakabehing wawadi.

١٠ - فَمَا لَهُ مِنْ قُوَّةٍ وَلَا نَاصِرٍ ۝

Famaa lahuu min quwwatiw walaa naashir.

10. Mangka ora babar pisan wong mau duwe kakuwatan lan ora ana wong kang bisa tetulung!

Kitab Quraan ambedakake kalawan terang, antarane kang haq lan batal.

١١ - وَالسَّمَآءِ ذَاتِ الرَّجْعِ ۝

Wassamaa-i dzaatir raj'i.

11. Demi Langit kang ana udane bola-bali.

١٢ - وَالْأَرْضِ ذَاتِ الصَّدْعِ ۝

Wal ardhi dzaatish shad'i.

12. Demi Bumi kang mbledhak metu the-thukulane.

١٣ - إِنَّهُ لَقَوْلٌ فَصْلٌ ۝

Innahuu laqaulun fashl.

13. Sayekti Quraan iku Pangandika kang misahake antarane barang haq lan batal.

١٤ - وَمَا هُوَ بِالْهَزْلِ ۝

Wamaa huwa bil hazl.

14. Lan Quraan iku babar pisan dudu bangsane geguyon.

١٥ - إِنَّهُمْ يَكِيدُونَ كَيْدًا ۝

Innahum yakiiduuna kaidaa.

15. Sanyata wong-wong kafir iku padha nandukake pangreka daya.

١٦ - وَأَكِيدُ كَيْدًا ۝

Wa akiidu kaidaa.

16. Ingsun uga males pangreka dayane wong-wong mau.

17. Jalaran iku, Muhammad sira antekna wong-wong kafir mau, kantekna bae sawatara mangsa.

١٧ - فَمَهِّلِ الْكٰفِرِيْنَ اَمْهِلْهُمْ رُوَيْدًا ۝

Famahhilil kaafiriina amhilhum ruwaidaa

***)

***). Intisarining sasambetan ingkang wigatos antawisipun surat Ath Thaariq kalayan surat Al A'laa (Kang Maha Luhur) makaten:
Ing salebeting surat Ath Thaariq katerangaken bilih sangkan paraning dumadining Manungsa punika tumitah fitrah (suci lan sampurna) lan tumitahing tetuwuhan (flora) lan sato kewan (fauna) ugi fitrah (ingkang tanpa rasio - 'akal), dene wonten ing surat Al A'laa katerangaken bilih tumitahing sadaya Alam Jagadrat pramudita punika kacawisaken dhumateng para Manungsa ngalap manfa'at ing kabudayan lan kamajengan, sarta karaharjaning Donya-Akherat, sarana kasadharan bilih 'Alam punika sampun rinakit, temata sampurna, ing Sunnatullah (Undang-Undang Allah), pramula Manungsa kedah syukur, inggih punika anetepi setiya-tuhu ing Undang-Undang Allah!

AL A'LAA (KANG MAHA LUHUR)

Surat kaping 87 : 19 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Maca tasbih lan nuceni jiwane dhewe iku bakuning karaharjan Donya lan Akherat.

1. Muhammad, sira maha sucekna Allah Pangeranira kang Maha Luhur.

١ - سَبِّحِ اسْمَ رَبِّكَ الْاَعْلَى ۝

Sabbihisma rabbikal a'laa.

2. Kang wus miwiti nitahake makhluk kanthi sampurna.

٢ - الَّذِيْ خَلَقَ فَسَوّٰى ۝

Alladzii khalaqa fasawwaa.

3. Lan kang amesthi, nakdir ala becik, sarta nuli anuduhake tumrap kabutuhane sakabehing makhluk.

٣ - وَالَّذِيْ قَدَّرَ فَهَدٰى ۝

Walladzii qaddara fahadaa.

4. Lan kang nukulake pasuketan ing pangonan.

٤ - وَالَّذِيْٓ اَخْرَجَ الْمَرْعٰى ۝

Walladzii akhrajal mar'aa.

5. Suket mau banjur kadadekake padha garing lan ireng warnane.

٥ - فَجَعَلَهٗ غُثَآءً اَحْوٰى ۝

Faja'alahuu ghutsaa-an ahwaa.

6. Ingsun bakal macakake Al Quraan marang sira Muhammad, sarta sira ora bakal lali!

٦ - سَنُقْرِئُكَ فَلَا تَنْسٰٓى ۝

Sanuqri-uka falaa tansaa.

٧ - إِلَّا مَا شَآءَ اللَّهُ ۚ إِنَّهُۥ يَعْلَمُ ٱلْجَهْرَ وَمَا يَخْفَىٰ ۝

Illaa maa syaa-allaahu innahuu ya'lamul jahrawamaayakhfaa.

7. Kajaba manawa dadi kaparenging karsaNe Allah, sanyata PanjenengaNe iku Nguningani barang kang ngedheng lan barang kang samar.

٨ - وَنُيَسِّرُكَ لِلْيُسْرَىٰ ۝

Wa nuyassiruka lil-yusraa.

8. Lan Ingsun bakal anggampangake ing sira marang dalan kang gampang.

٩ - فَذَكِّرْ إِن نَّفَعَتِ ٱلذِّكْرَىٰ ۝

Fadzakkir innafa'atidz dzikraa.

9. Mangka sira ngelingna para manungsa kalawan Quraan, jalaran pepeling iku pancen manfa'ati.

١٠ - سَيَذَّكَّرُ مَن يَخْشَىٰ ۝

Sayadzdzakkaru may-yakhsyaa.

10. Wong kang padha wedi ing Allah, bakal padha gelem nampa pepeling Quraan.

١١ - وَيَتَجَنَّبُهَا ٱلْأَشْقَى ۝

Wa yatajannabuhal asyqaa.

11. Lan wong kang cilaka bakal ngadoh saka pepeling Quraan mau.

١٢ - ٱلَّذِى يَصْلَى ٱلنَّارَ ٱلْكُبْرَىٰ ۝

Alladzii yashlannaaral kubraa.

12. Yaiku wong kang bakal dilebokake ing Neraka kang gedhe.

١٣ - ثُمَّ لَا يَمُوتُ فِيهَا وَلَا يَحْيَىٰ ۝

Tsumma laa yamuutu fiihaa walaa yahyaa.

13. Banjur ana ing Neraka kono wong-wong mau ora urip lan ora mati.

١٤ - قَدْ أَفْلَحَ مَن تَزَكَّىٰ ۝

Qad aflaha man tazakkaa.

14. Yekti begja wong kang resik atine.

١٥ - وَذَكَرَ ٱسْمَ رَبِّهِۦ فَصَلَّىٰ ۝

Wa dzakarasma rabbihii fashallaa.

15. Lan dheweke eling asmaning Allah PangeraNe, banjur nindakake Shalat.

١٦ - بَلْ تُؤْثِرُونَ ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا ۝

Bal tu'tsiruunal hayaatad dun-yaa.

16. Nanging sira wong-wong kafir, malah milih marang kauripan Donya

17. Ing mangka kauripan Akherat iku luwih becik tur langgeng.

١٧ - وَالْاٰخِرَةُ خَيْرٌ وَّاَبْقٰى ۝

Wal aakhiratu khairuw wa abqaa.

18. Satemene prakara iki uga wus kaweca ana ing Kitab-kitab kuna.

١٨ - اِنَّ هٰذَا لَفِى الصُّحُفِ الْاُوْلٰى ۝

Inna haadzaa lafish shuhufil uulaa.

19. Yaiku Kitabe Ibrahim lan Musa!

***)

١٩ - صُحُفِ اِبْرٰهِيْمَ وَمُوْسٰى ۝ ع ١٢

shuhufi ibraahiima wa muusaa.

***) Sawatawis intisarining katerangan ingkang wigatos saking kakalih surat Al A'laa kalayan surat Al Ghaasyiyah (Lalakon kang anggegirisi) makaten: wonten ing surat Al A'laa anerangaken sacara umum bilih kados pundi benjing ing Akherat kawontenanipun tiyang iman, kafir, Suwarga lan Neraka, dene wonten ing surat Al Ghaasyiyah nerangaken malih langkung gamblang perkawis kasebat.

AL GHAASYIYAH (LALAKON KANG ANGGEGIRISI)

Surat kaping 88 : 26 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Adz Dzaariyat.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kahanane wong kang padha manggon ing Neraka, lan ana ing Suwarga.

1. Apa wus teka kabar lalakon kang anggegirisi, hiya dinaning piwales!

١ - هَلْ اَتٰىكَ حَدِيْثُ الْغَاشِيَةِ ۝

Hal ataaka hadiitsul ghaasyiyah.

2. Akeh rai kang padha tumungkul ndhekukul.

٢ - وُجُوْهٌ يَّوْمَئِذٍ خَاشِعَةٌ ۝

Wujuuhuy yauma-idzin khaasyi'ah.

3. Padha nemahi rekasa lan kangelan,

٣ - عَامِلَةٌ نَّاصِبَةٌ ۝

'Aamilatun naashibah.

4. Padha kacemplung ing Neraka kang panas banget,

٤ - تَصْلٰى نَارًا حَامِيَةً ۝

Tashlaa naaran haamiyah.

5. Diwenehi ngombe saka sumber Neraka kang luwih dening panas,

٥ - تُسْقٰى مِنْ عَيْنٍ اٰنِيَةٍ ۝

Tusqaa min 'ainin aaniyah.

6. Dheweke padha ora oleh pangan apa-apa, kajaba mung uwit eri,

٦ - لَيْسَ لَهُمْ طَعَامٌ اِلَّا مِنْ ضَرِيْعٍ ۝

Laisa lahum tha'aamun illaa min dharii'.

7. Kang ora bisa gawe lemu, lan ora bisa maregake saka luwe!

٧ - لَّا يُسْمِنُ وَلَا يُغْنِىْ مِنْ جُوْعٍ ۝

Laa yusminu walaa yughnii minjuu'.

8. Ing dina iku uga, akeh rai kang padha semringah seneng-seneng,

٨ - وُجُوهٌ يَّوْمَئِذٍ نَّاعِمَةٌ ۙ

Wujuuhuy yauma-idzin naa'imah.

9. Padha kalegan atine, amarga saka becik kalakuane,

٩ - لِّسَعْيِهَا رَاضِيَةٌ ۙ

Lisa'yihaa raadhiyah.

10. Padha manggon ana ing Suwarga kang luhur,

١٠ - فِي جَنَّةٍ عَالِيَةٍ ۙ

Fii jannatin 'aaliyah.

11. Ana ing Suwarga kono ora padha krungu guneman kang ngaya wara,

١١ - لَّا تَسْمَعُ فِيهَا لَاغِيَةً ۚ

Laa tasma'u fiihaa laaghiyah.

12. Ing Suwarga ana sumbere kang tansah mili,

١٢ - فِيهَا عَيْنٌ جَارِيَةٌ ۚ

Fiihaa 'ainun jaariyah.

13. Ana kantile kang dipasang dhuwure sedheng,

١٣ - فِيهَا سُرُرٌ مَّرْفُوعَةٌ ۚ

Fiihaa sururum marfuu'ah.

14. Lan akeh gelas pangomben kang tinata sumadya,

١٤ - وَّأَكْوَابٌ مَّوْضُوعَةٌ ۙ

Wa akwaabum maudhuu'ah.

15. Lan bantale jejer-jejer,

١٥ - وَنَمَارِقُ مَصْفُوفَةٌ ۙ

Wa namaariqu mashfuufah.

16. Lan babut kang ginelar,

١٦ - وَّزَرَابِيُّ مَبْثُوثَةٌ ۚ

Wa zaraabiyyu mabtsuutsah.

Diprayogakake nyatitekake tumitah-ing titah ing 'alam Jagadrat!

17. Apa wong-wong kafir iku ora padha ndeleng marang Unta, kapriye tumitahe?[1056]

١٧ - أَفَلَا يَنظُرُونَ إِلَى الْإِبِلِ كَيْفَ خُلِقَتْ ۝

Afalaa yanzhuruuna ilal ibili kaifa khuliqat.

1056) Wonten ing kabudayan pendidikan tauhid, **sistim nyelaki ati-sanubari manungsa sarana soal-jawab (diskusi) punika cara ingkang mikantuki ing damel, inggih cara social-approach.' Pangula wenthah pendidikan Agami, utawi Da'wah Islam ingkang angginakaken ilmu jiwa sarta ilmu kesehatan jiwa** (hygeni mental health), kados kaweca ing ayat: 17 - 20 lan ing ayat-sanes-sanesipun, saestu badhe langkung nuju prana lan mantep dipun amalaken, sarta ngyakinaken dipun tindaken. Sumangga para sutrisna!

18. Sarta marang Langit, kapriye anggone didhuwurake?

١٨ - وَإِلَى السَّمَآءِ كَيْفَ رُفِعَتْ ۝

Wa ilas-samaa-i kaifa rufi'at.

19. Lan marang Gunung-gunung, kapriye anggone diedegake?

١٩ - وَإِلَى الْجِبَالِ كَيْفَ نُصِبَتْ ۝

Wa ilal jibaali kaifa nushibat.

20. Lan marang Bumi, kapriye anggone gumelar?

٢٠ - وَإِلَى الْأَرْضِ كَيْفَ سُطِحَتْ ۝

Wa ilal ardhi kaifa suthihat.

21. Muhammad, sira aweha pepeling! sanyata jejer sira iku dadi juru pepeling,

٢١ - فَذَكِّرْ إِنَّمَآ أَنتَ مُذَكِّرٌ ۝

Fadzakkir, innamaa anta mudzakkir.

22. Sira iku dudu panguwasa kang ngroda peksa marang wong-wong mau,

٢٢ - لَسْتَ عَلَيْهِم بِمُصَيْطِرٍ ۝

Lasta 'alaihim bimushaithir.

23. Ananging wong kang malengos lan maido ing kabeneran,

٢٣ - إِلَّا مَن تَوَلَّىٰ وَكَفَرَ ۝

Illaa man tawallaa wa kafar.

24. Mangka, Allah piyambak kang bakal nyiksa wong mau, kalawan siksa kang luwih dening gedhe.

٢٤ - فَيُعَذِّبُهُ اللَّهُ الْعَذَابَ الْأَكْبَرَ ۝

Fayu'adzdzibuhullaahul 'adzaabal akbar.

25. Sayekti marang ngarsanIngsun piyambak baline sowan wong iku kabeh,

٢٥ - إِنَّ إِلَيْنَآ إِيَابَهُمْ ۝

Inna ilainaa iyaabahum.

26. Banjur ana ing astanIngsun papriksane wong iku kabeh.

٢٦ - ثُمَّ إِنَّ عَلَيْنَا حِسَابَهُم ۝

Tsumma inna 'alainaa hisaabahum.

***)

***). Intisarining katerangan ingkang sasambetan antawisipun surat Al Ghaasyiyah kalayan surat Al Fajr (Pajar-Esuk) makaten:

1. Wonten ing surat Al Ghaasyiyah anerangaken ummat Manungsa ingkang pasuryanipun mencorong endah ing rupi, dene wonten ing surat Fajr nerangaken bilih priyantun ingkang mencorong endah ing rupi punika tabetipun iman, taqwa, lan amal kasaenanipun rumiyin nalika gesang ing 'alam Donya. Panci kasinggihan para sutrisna, manawi pejah punika boten anggendhong bandha, pangkat, lan trahing nasab, ananging tiyang pejah punika ingkang wigatos ambekta iman, taqwa, lan amalipun.

2. Kakalihipun anggambaraken wajah-rupining manungsa punika dados alamat badhe kawusananing Manungsa benjing dintenipun dipun hisab, wonten sangajenging buku cathetan amaling manungsa, kaseksenan ing anggota pancadriya, sarta para Malaikat, ing wusana Allah SWT tamtu paring Pangadilan saadil-adilipun!

AL FAJR (FAJAR)

Surat kaping 89 : 30 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Lail.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Demi pajar.

١ - وَالْفَجْرِ ۝

Wal fajri.

2. Demi sepuluh wengi saka sasi Besar.

٢ - وَلَيَالٍ عَشْرٍ ۝

Wa layaalin 'asyr.

3. Demi cacah ganep, lan cacah ganjil.

٣ - وَّالشَّفْعِ وَالْوَتْرِ ۝

Wasysyaf'i wal watr.

4. Demi wengi manawa wus mungkur.

٤ - وَالَّيْلِ اِذَا يَسْرِ ۝

Wallaili idzaa yasr.

5. Apa kang kaya mangkono iku dudu sumpah kang bisa ditampa dening wong-wong kang duwe akal?

٥ - هَلْ فِيْ ذٰلِكَ قَسَمٌ لِّذِيْ حِجْرٍ ۝

Hal fii dzaalika qasamullidzii hijr.

6. Apa sira ora ndeleng kapriye anggone Allah Pangeranira numpes sirna kaum 'Aad?

٦ - اَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِعَادٍ ۝

Alam tara kaifa fa'ala rabbuka bi'aad.

7. Yaiku wong kang dedunung ing negara Iram kang anduweni bangunan-bangunan dhuwur.

٧ - اِرَمَ ذَاتِ الْعِمَادِ ۝

Irama dzaatil 'imaad.

8. Kang durung tau dibangun kutha tandhingane ing Negara-negara liya.

٨ - الَّتِيْ لَمْ يُخْلَقْ مِثْلُهَا فِي الْبِلَادِ ۝

Allatii lam yukhlaq mitsluhaa fil bilaad.

٩ - وَثَمُودَ الَّذِينَ جَابُوا الصَّخْرَ بِالْوَادِ ۝

Wa tsamuudal ladziina jaabush shakhra bil waad.

9. Lan marang kaum Tsamud kang mecahi watu gedhe ing perenging Gunung.

١٠ - وَفِرْعَوْنَ ذِي الْأَوْتَادِ ۝

Wa fir'auna dzil autaad.

10. Lan kaum Fir'aun kang duwe pilar-pilar sapirang-pirang.

١١ - الَّذِينَ طَغَوْا فِي الْبِلَادِ ۝

Alladziina thaghau fil bilaad.

11. Kang padha lacut ana ing Negara iku,

١٢ - فَأَكْثَرُوا فِيهَا الْفَسَادَ ۝

Fa-aktsaruu fiihal fasaad.

12. Banjur akeh anggone gawe rusak ana ing kono,

١٣ - فَصَبَّ عَلَيْهِمْ رَبُّكَ سَوْطَ عَذَابٍ ۝

Fashabba 'alaihim rabbuka sautha 'adzaab.

13. Allah Pangeranira banjur nurunake siksa sok-sokan ngenani wong-wong mau.

١٤ - إِنَّ رَبَّكَ لَبِالْمِرْصَادِ ۝

Inna rabbaka labil mirshaad.

14. Temen Allah iku banget anggone anupiksani marang tumindake kawulaNe.

Kasugihan lan kamelaratan iku cobaning Allah, mula sing prayitna.

١٥ - فَأَمَّا الْإِنسَانُ إِذَا مَا ابْتَلَاهُ رَبُّهُ فَأَكْرَمَهُ وَنَعَّمَهُ ۙ فَيَقُولُ رَبِّي أَكْرَمَنِ ۝

Fa-ammal insaanu idzaa mabtalaahu rabbuhuu fa-akramahuu wa na'amahuu fayaquulu rabbii akraman.

15. Ana dene manungsa, iku manawa dicoba dening Allah Pangerane yaiku diparingi kamulyan lan kani'matan, banjur ngucap: "Pangeranku wus mulyakake aku!".

١٦ - وَأَمَّا إِذَا مَا ابْتَلَاهُ فَقَدَرَ عَلَيْهِ رِزْقَهُ ۙ فَيَقُولُ رَبِّي أَهَانَنِ ۝

Wa ammaa idzaa mabtalaahu faqadara 'alaihi rizqahuu fayaquulu rabbii ahaanan.

16. Dene manawa dicoba dening Pangerane, yaiku diparingi rezeki kurang banjur ngucap: "Pangeranku wus nginakake aku!".

١٧ - كَلَّا بَل لَّا تُكْرِمُونَ الْيَتِيمَ

Kallaa ballaa tukrimuunal yatiim.

17. Ora mangkono! Sanyata sira kabeh ora padha gelem gawe becik marang bocah yatim.

18. Lan sira ora greteh akon weweh pangan marang wong miskin.

١٨- وَلَا تَحٰٓضُّوْنَ عَلٰى طَعَامِ الْمِسْكِيْنِ ۙ

Walaa tahaadhdhuuna 'alaa tha'aamil miskiin.

19. Lan maneh sira padha dhemen mangan bandha waris sarana worsuh kang halal karo kang batal.

١٩- وَتَاْكُلُوْنَ التُّرَاثَ اَكْلًا لَّمًّا ۙ

Wa ta'kuluunat turaatsa aklal lammaa.

20. Lan sira dhemen kaliwat-liwat marang bandha.

٢٠- وَّتُحِبُّوْنَ الْمَالَ حُبًّا جَمًّا ۗ

Wa tuhibbuunal maala hubban jammaa.

Wong kang padha dhemen leluwihan ing bandha kadonyan ing dina Akherat padha getun!

21. Aja mangkono! manawa Bumi wus digonjingake terusan bae, diejur nganti ajur mumur.

٢١- كَلَّآ اِذَا دُكَّتِ الْاَرْضُ دَكًّا دَكًّا ۙ

Kallaa idzaa dukkatil ardhu dakkan dakkaa.

22. Lan teka parentaHe Allah Pangeranira, lan Malaikat padha pacak baris sap-sapan, bergada-bergada,

٢٢- وَّجَآءَ رَبُّكَ وَالْمَلَكُ صَفًّا صَفًّا ۚ

Wa jaa-a rabbuka wal malaku shaffan shaffaa.

23. Lan ing dina iku arep ditekakake Neraka Jahanam, banjur manungsa padha eling, ananging elinge mau wus ora maedahi apa-apa!

٢٣- وَجِايْٓءَ يَوْمَىِٕذٍۢ بِجَهَنَّمَ ۙ يَوْمَىِٕذٍ يَّتَذَكَّرُ الْاِنْسَانُ وَاَنّٰى لَهُ الذِّكْرٰى ۗ

Wa jii-a yauma-idzim bijahannama yauma-idziy yatadzakkarul insaanu wa an naa lahudzdzikraa.

24. Dheweke bakal ngucap: "Adhuh, saiba begjaku manawa aku ndhisik-dhisikake amal shaleh lan iman, kanggo sangu uripku ing dina Akherat iki!".

٢٤- يَقُوْلُ يٰلَيْتَنِيْ قَدَّمْتُ لِحَيَاتِيْ ۚ

Yaquulu yaa laitanii qaddamtu lihayaatii

25. Mangka ing dina iku ora ana wong siji bae kang bisa nyiksa kaya siksaNe Allah.

٢٥- فَيَوْمَىِٕذٍ لَّا يُعَذِّبُ عَذَابَهٗٓ اَحَدٌ ۙ

Fayauma idzillaa yu'adzdzibu 'adzaabahuu ahad.

26. Lan ora ana wong siji bae kang bisa ambanda kaya bebandaNe Allah.

٢٦- وَّلَا يُوْثِقُ وَثَاقَهٗٓ اَحَدٌ ۗ

Walaa yuutsiqu wa tsaaqahuu ahad.

Diajeni dening Allah manungsa kang sampurna imane.

27. He sira jiwa kang anteng jenjem![1057)]

٢٧- يَٰٓأَيَّتُهَا ٱلنَّفْسُ ٱلْمُطْمَئِنَّةُ ۝

Yaa ayyatuhan nafsul muthma-innah.

28. Mara enggal sowana ngadhep marang ngarsa dalem Allah Pangeranira, sarana rena tur direnani,

٢٨- ٱرْجِعِىٓ إِلَىٰ رَبِّكِ رَاضِيَةً مَّرْضِيَّةً ۝

Irji'ii ilaa rabbiki raadhiyatam mardhiyyah.

29. Lan malebua, kumpula ana ing golongane para kawula kekasihIngsun,

٢٩- فَٱدْخُلِى فِى عِبَٰدِى ۝

Fadkhulii fii 'ibaadii.

30. Lan malebua SuwarganingSun!

٣٠- وَٱدْخُلِى جَنَّتِى ۝

Wadkhulii jannatii.

***)

1057) Jiwa Muthmainah utawi jiwa ingkang anteng jenjem, mirsanana katerangan surat Al Qiyaamah ayat : 2.

***). Katerangan ingkang sawatawis wigatos ing surat Al Fajr kalayan surat Al Balad (Negara) makaten :

1. Wonten ing pungkasan surat Al Fajr katerangaken manungsa kabage dados kalih, lumebet Suwarga utawi lumebet Neraka, dene wonten ing surat Al Balad katerangaken manungsa kagerba kalih golongan ugi, inggih golongan kanan lan golongan kiri.

2. Ing surat Al Fajr dipun gamblangaken tiyang ingkang remen sanget kaliyan bandha (arto), tegel nedha pusaka warisan sarana taktik dipun campur adhuk kaliyan artanipun piyambak, sarta boten purun ambiyantu tiyang miskin, dene wonten ing surat Al Balad katerangaken Allah memuji lan angebang-ebang tiyang ber budi bawa leksana, loma dhateng tiyang alit lan kamiskinan, tetulung tiyang bodho, lare yatim sarta amal 'ibadah sosial sanes-sanesipun. Sadaya watak lan tindak tanduk ingkang utami punika Allah badhe paring ganjaran tikel kaping pitung atus tikelan benjing wonten ing Akherat, kados kasebat ing surat Al Baqarah ayat : 261.

AL BALAD (NEGARA)

Surat kaping 90 : 20 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Qaaf.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Urip iku perjoangan, jer basuki mawa beya!

1. Ingsun sumpah, Demi Negara Mekkah iki!

١ - لَآ اُقْسِمُ بِهٰذَا الْبَلَدِ ۙ

Laa uqsimu bihaadzal balad.

2. Lan sira Muhammad, dedunung manggon ing Negara Mekkah iki,

٢ - وَاَنْتَ حِلٌّۢ بِهٰذَا الْبَلَدِ ۙ

Wa anta hillum bihaadzal balad.

3. Lan Demi Bapa lan turunane,

٣ - وَوَالِدٍ وَّمَا وَلَدَ ۙ

Wa waalidiw wamaa walad.

4. Temen Ingsun wus nitahake manungsa ana ing sarwa kangelan,

٤ - لَقَدْ خَلَقْنَا الْاِنْسَانَ فِيْ كَبَدٍ ۝

Laqad khalaqnal insaana fii kabad.

5. Apa dheweke duwe pangira manawa ora ana sapa-sapa kang anguwasani marang awake?

٥ - اَيَحْسَبُ اَنْ لَّنْ يَّقْدِرَ عَلَيْهِ اَحَدٌ ۝

Ayahsabu allay yaqdira 'alaihi ahad.

6. Dheweke ngucap: "Aku wus ngentekake bandhaku sapirang-pirang".

٦ - يَقُوْلُ اَهْلَكْتُ مَالًا لُّبَدًا ۝

Yaquulu ahlaktu maalal lubadaa.

7. Apa dheweke duwe pangira manawa ora ana wong siji bae kang weruh ing dheweke?

٧ - اَيَحْسَبُ اَنْ لَّمْ يَرَهٗٓ اَحَدٌ ۝

Ayahsabu allam yarahuu ahad.

8. Apa Ingsun durung damel kanggo dheweke mripat loro?

٨ - اَلَمْ نَجْعَلْ لَّهٗ عَيْنَيْنِ ۙ ۝

Alam naj'al lahuu 'ainaiin.

9. Lan ilat siji, lambe loro?

٩ - وَلِسَانًا وَّشَفَتَيْنِ ۙ ۝

Wa lisaanaw wa syafataiin.

10. Apa dene Ingsun wus paring pituduh dalan loro, dalan bener lan sasar!

١٠ - وَهَدَيْنٰهُ النَّجْدَيْنِ ۚ ۝

Wa hadainaahun najdaiin.

11. Ananging dheweke ora gelem ngambah dalan kang munggah tur rumpil.

١١ - فَلَا اقْتَحَمَ الْعَقَبَةَ ۖ ۝

Falaqtahamal 'aqabah.

12. Muhammad! apa sira sumurup ngambah dalan kang munggah tur rumpil iku?

١٢ - وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الْعَقَبَةُ ۝

Wamaa adraaka mal 'aqabah.

13. Yaiku mardikakake batur tukon.

١٣ - فَكُّ رَقَبَةٍ ۙ ۝

Fakku raqabah.

14. Utawa weweh pangan ing mangsa paceklik, larang pangan,

١٤ - اَوْ اِطْعٰمٌ فِيْ يَوْمٍ ذِيْ مَسْغَبَةٍ ۝

Au ith'aamun fii yaumin dzii masghabah.

15. Utawa marang bocah yatim kang isih kalebu sanak,

١٥ - يَّتِيْمًا ذَا مَقْرَبَةٍ ۙ ۝

Yatiiman dzaa maqrabah.

16. Utawa marang wong miskin kang papa.

١٦ - اَوْ مِسْكِيْنًا ذَا مَتْرَبَةٍ ۝

Au miskiinan dzaa matrabah.

17. Banjur apa sababe dheweke ora dadi golongane wong-wong kang iman lan welingwineling kalawan kasabaran, lan welingwineling kalawan welas asih?

١٧ - ثُمَّ كَانَ مِنَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَتَوَاصَوْا بِالصَّبْرِ وَتَوَاصَوْا بِالْمَرْحَمَةِ ۝

Tsumma kaana minal ladziina aamanuu watawaashau bishshabri watawaashau bu marhamah

18. Hiya wong kang mangkono iku wong ahli tengen (wong kang iman lan weling-wineling kesabaran), yaiku nampa cathetan amale sarana tangan tengan.

١٨- أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْمَيْمَنَةِ ۝

Ulaa-ika ash-haabul maimanah.

19. Lan wong-wong kang padha kafir marang Ayat-AyatIngsun iku wong ahli kiwa, yaiku nampa cathetan amale sarana tangan kiwa.

١٩- وَالَّذِينَ كَفَرُوا بِآيَاتِنَا هُمْ أَصْحَابُ الْمَشْأَمَةِ ۝

Walladziina kafaruu bi-aayaatinaa hum ash-haabulm masy-amah.

20. Tumrap dheweke padha tetep ana ing siksa Neraka kang ditutup rapet.

٢٠- عَلَيْهِمْ نَارٌ مُؤْصَدَةٌ ۝

'Alaihim naarum mu'shadah.

***)

***) Maksud utami surat Al-Balad utawi ambangun Negari punika anelakaken bilih ambangun Desa punika wonten tata caranipun, makaten ugi ambedhol Desa utawi Transmigrasi punika tambah rumit malih, punapa malih ambangun Nusantara sa-indhenging Indonesia, ingkang mawarni-warni trah katurunanipun, agami, sarta adat atata cara, sarta rupi-rupi derajat sosial lan ekonomi nipun, nanging sadaya wau namung satunggal Bangsa, satunggal Tanah Wutah Rah, sarta satunggal Basa, inggih punika Negari Republik Indonesia. Pramila wonten ing surat Al-Balad Gusti Allah paring pitedah, supados tansah lumampah ing margi ingkang leres, sampun kelut godha rencana ingkang saking fitnah, hasud, dhengki, lan ingkang damel risak pembangunan, kedah kiyat manah kita ngadhepi alang rintangan punapa kemawon, kados pundi kemawon kita kedah tansah guyup-rukun saeka praya kaliyan sadherek kita tunggal Bangsa. Kita kedah ingkang kekah nyepengi paugeran, bilih sadaya punika kedah temata sarana tatanan ingkang kita damel piyambak, wosipun kita kedah Nglembagakaken Negari kita piyambak! Punika margi ingkang leres kangge ambangun Negari!

ASY SYAMS (BASKARA)

Surat kaping 91 : 15 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Qadar.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Manungsa kaparingan wisiking Allah, anggraita dalan bener lan salah.

1. Demi Baskara (Srengenge) lan cahyane ing wayah esuk,

١ - وَالشَّمْسِ وَضُحٰىهَا ۝

Wasysyamsi wa dhuhaa-haa

2. Demi Basanta (Rembulan) nalika tutwuri Baskara,

٢ - وَالْقَمَرِ اِذَا تَلٰىهَا ۝

Wal qamari idzaa talaahaa.

3. Demi rahina nalika anjedhulake Baskara,

٣ - وَالنَّهَارِ اِذَا جَلّٰىهَا ۝

Wannahaari idzaa jallaahaa.

4. Demi wayah wengi nalika nutupi (peteng lelimengan),

٤ - وَالَّيْلِ اِذَا يَغْشٰىهَا ۝

Wallaili idzaa yagh-syaahaa.

5. Demi Langit sarta Dzat kang ngitik-itik (memetri),

٥ - وَالسَّمَآءِ وَمَا بَنٰىهَا ۝

Wassamaa-i wamaa banaahaa.

6. Demi Basundara (Bumi) sarta Dzat kang anggelarake,

٦ - وَالْاَرْضِ وَمَا طَحٰىهَا ۝

Wal ardhi wamaa thahaahaa.

7. Demi jiwa lan Dzat kang anyampurnakake tumitahe,

٧ - وَنَفْسٍ وَّمَا سَوّٰىهَا ۝

Wanafsiw wamaa sawwaahaa.

8. Allah banjur paring wisik marang jiwa mau, marang dalan kang fasik (duraka) lan dalan kang taqwa (ngesti ing Agama).

٨ - فَأَلْهَمَهَا فُجُورَهَا وَتَقْوَاهَا ۝

Fa-alhamahaa fujuurahaa wa taqwaahaa.

9. Yekti begja temen wong kang ngresiki jiwane.

٩ - قَدْ أَفْلَحَ مَنْ زَكَّاهَا ۝

Qad aflaha man zakkaahaa.

10. Lan temen kapitunan wong kang ngregedi jiwane,

١٠ - وَقَدْ خَابَ مَنْ دَسَّاهَا ۝

Waqad khaaba man dassaahaa.

11. Kaum Tsamud wus maido marang Utusaning Allah, kagawa saka anggone lacut,

١١ - كَذَّبَتْ ثَمُودُ بِطَغْوَاهَا ۝

Kadzdzabat tsamuudu bithaghwaahaa.

12. Nalika kancane kaum Tsamud kang cilaka dhewe, tumandang arep nyembeleh Unta mu'jizat.

١٢ - إِذِ انْبَعَثَ أَشْقَاهَا ۝

Idzin ba'atsa asyqaahaa.

13. Nabi Shaleh, Utusane Allah, banjur dhawuh marang wong-wong mau: "Sira aja padha munasika UntaNe Allah iki lan pangombene".

١٣ - فَقَالَ لَهُمْ رَسُولُ اللَّهِ نَاقَةَ اللَّهِ وَسُقْيَاهَا ۝

Faqaala lahum rasuulullaahi naaqatallaahi wa suqyaahaa.

14. Wong-wong mau banjur padha maido ing Utusaning Allah, sarta nuli nyembeleh Unta mau. Allah Pangerane banjur numpes marang wong mau kabeh jalaran dosane. PanjenengaNe banjur mratakake siksa mau.

١٤ - فَكَذَّبُوهُ فَعَقَرُوهَا فَدَمْدَمَ عَلَيْهِمْ رَبُّهُمْ بِذَنْبِهِمْ فَسَوَّاهَا ۝

Fakadzdzabuuhu fa'aqaruuhaa, fadamdama 'alaihim rabbuhum bidzambihim fasawwaahaa.

15. Lan PanjenengaNe Allah ora sumelang kapriye bakal wekasane!

١٥ - وَلَا يَخَافُ عُقْبَاهَا ۝

Walaa yakhaafu 'uqbaahaa.

***)

***). Intisarining katerangan saking kakalinipun surat Al Balad lan surat Asy Syams (Baskara-Surya) makaten:

1. Wonten ing surat Asy Syams katerangaken bilih makhluking Pangeran ingkang taqwa, tamtu badhe manggih ing kabegjan jati, sawangsulipun tiyang ingkang fasik, duraka lan begasakan damel risak ing Bumi, tamtu badhe nampi pidana piwales ingkang asor ing benjingipun!

2. Kakalihipun surat, nerangaken bilih Allah SWT sarana kodrat-iradatipun sadaya titah punika

3. Kakalihipun surat, nerangaken bilih Allah SWT anedahaken manungsa margi kalih, nuju kabegjan lan nuju kasangsaran, supados milih piyambak! Dene surat Asy Syams nerangaken margi fasik lan margi taqwa, sumangga sakersa badhe milih ingkang pundi!

AL LAIL (WAYAH WENGI)

Surat kaping 92 : 21 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al A'laa.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Manungsa marsudi ing idham-idhaman iku mardika, nanging kang penting Ridhaning Allah.

1. Demi wayah wengi nalika nutupi kalawan petenge,

١ - وَاللَّيْلِ إِذَا يَغْشَىٰ ۝

Wallaili idzaa yaghsyaa.

2. Demi rahina nalika ngatonake kalawan padhange,

٢ - وَالنَّهَارِ إِذَا تَجَلَّىٰ ۝

Wannahaari idzaa tajallaa.

3. Demi Dzat kang anitahake priya lan wanita,[1058]

٣ - وَمَا خَلَقَ الذَّكَرَ وَالْأُنثَىٰ ۝

Wamaa khalaqadz dzakara wal untsaa.

4. Satemene lakunira manungsa iku padha beda-beda,

٤ - إِنَّ سَعْيَكُمْ لَشَتَّىٰ ۝

Inna sa'yakum lasyattaa.

5. Dene sing sapa gelem weweh ing dalan (Agama)-ning Allah, lan taqwa,

٥ - فَأَمَّا مَنْ أَعْطَىٰ وَاتَّقَىٰ ۝

Fa-ammaa man a'thaa wattaqaa.

1058) Punapa ta hikmahipun Allah SWT sarana kodrat-iradatipun sadaya titah punika sarwa rerakitan? Priya lan wanita, rina lan wengi, nginggil lan ngandhap, sugih lan mlarat, pinter lan bodho, iman lan kafir, begja lan cilaka. Dene manawi kaupamekaken boten rerakitan, dados wontenipun namung siang thok, jaler thok, pinter thok, punika mustahil. Pramila ingkang sae piyambak punika gesang taqwa; inggih punika ngesti ing Allah, lung-tinulung lan damel kasaenan ing alam Donya!

6. Lan ngandel marang ananing ganjaran kang luwih becik, yaiku Suwarga,

٦ - وَصَدَّقَ بِالْحُسْنٰى ۙ ۝

Wa shaddaqa bil husnaa.

7. Temen dheweke bakal Sun sadhiyakake dalan kang gampang,

٧ - فَسَنُيَسِّرُهٗ لِلْيُسْرٰى ۝

Fasanuyassiruhuu lil yusraa.

8. Dene sing sapa kumet lan sumugih, ora butuh ganjaraning Allah,

٨ - وَاَمَّا مَنْۢ بَخِلَ وَاسْتَغْنٰى ۙ ۝

Wa ammaa mam bakhila wastaghnaa.

9. Lan dheweke maido ganjaran kang luwih becik, yaiku Suwarga,

٩ - وَكَذَّبَ بِالْحُسْنٰى ۙ ۝

Wa kadzdzaba bil husnaa.

10. Temen dheweke bakal Sun sadhiyakake dalan kang rekasa,

١٠ - فَسَنُيَسِّرُهٗ لِلْعُسْرٰى ۝

Fasanuyassiruhuu lil 'usraa.

11. Bandhane wong mau ora bakal bisa nulungi dheweke, manawa dheweke wus kacemplung ing Neraka.

١١ - وَمَا يُغْنِىْ عَنْهُ مَالُهٗٓ اِذَا تَرَدّٰى ۝

Wamaa yughnii 'anhu maaluhuu idzaa taraddaa.

12. Satemene wus dadi tanggunganIngsun anerangake dalan pituduh saka dalan sasar.

١٢ - اِنَّ عَلَيْنَا لَلْهُدٰى ۝

Inna 'alainaa lalhudaa.

13. Lan Satemene kagunganIngsun Akherat lan Donya iku!

١٣ - وَاِنَّ لَنَا لَلْاٰخِرَةَ وَالْاُوْلٰى ۝

Wa-inna lanaa lal aakhirata wal uulaa.

14. Ingsun ngancam ing sira kabeh manungsa kalawan Neraka kang genine mulad-mulad,

١٤ - فَاَنْذَرْتُكُمْ نَارًا تَلَظّٰى ۚ ۝

Fa-andzartukum naaran talazhzhaa.

15. Ora bakal nyemplung ing Neraka kono kajaba wong kang cilaka,

١٥ - لَا يَصْلٰىهَآ اِلَّا الْاَشْقَى ۙ ۝

Laa yashlaahaa illal asyqaa.

16. Yaiku wong kang maido lan malengos saka iman,

١٦ - الَّذِىْ كَذَّبَ وَتَوَلّٰى ۝

Alladzii kadzdzaba watawallaa.

17. Lan wong kang taqwa ing Allah iku bakal diedohake saka Neraka,

١٧ - وَسَيُجَنَّبُهَا الْأَتْقَى ۝

Wa sayujannabuhal atqaa.

18. Yaiku wong kang mewehake bandhane kanthi resiking ati,

١٨ - الَّذِي يُؤْتِي مَالَهُ يَتَزَكَّىٰ ۝

Alladzii yu'tii maalahuu yatazakkaa.

19. Ora ana wong siji bae anduweni ganjaran kani'matan kang dianggo piwales,

١٩ - وَمَا لِأَحَدٍ عِنْدَهُ مِنْ نِعْمَةٍ تُجْزَىٰ ۝

Wamaa li-ahadin 'indahuu min ni'matin tujzaa.

20. Kajaba anggone nindakake kabecikan mung murih Karidhaning Allah Pangerane kang Maha Luhur,

٢٠ - إِلَّا ابْتِغَاءَ وَجْهِ رَبِّهِ الْأَعْلَىٰ ۝

Illabtighaa-a wajhi rabbihil a'laa.

21. Lan dheweke ing tembe mesthi bakal anemoni Karidlaning Allah!

٢١ - وَلَسَوْفَ يَرْضَىٰ ۝

Wa lausa fa yardhaa.

***)

***) **Dene kawigatosanipun surat Al-Lail ing antawisipun anerangaken: bilih polah tingkahipun manungsa punika sarwa mawarni-wami, malah kadhang kala aneh lan nyeleneh alias nyentrik. Benten-bentening lampah tumindak punika ugi badhe benten-benten akhir kawusananipun. Paribasanipun, becik ketitik, ala ketara! Sintena ingkang iman, lampah Ngibadah lan amal saleh tamtu Allah SWT badhe paring karaharjan wiwit Donya dumugining Akherat. Kosok wangsulipun sintena ambangkang kafir, lampah maksiyat lan damel karisakan, sampun tamtu kemawon Allah SWT ugi paring piwales ingkang adil satrep kaliyan tumindakipun. Nyumanggakaken badhe milih margi ingkang pundi, ingkang lempeng punapa ingkang nyleweng! Sampun saestu gesang kita nerak angger-angger Negari lan nerjang angger-angger Agami, dadosa manungsa prasaja, sregep ing damel, tuhu ing janji lan damel kasaenan ing masyarakat, insya Allah wilujeng Donya-Akherat!**

ADH DHUHAA (WAYAH ESUK)

Surat kaping 93 : 11 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Fajr.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Demi wayah esuk (jam 6—7),

١ - وَالضُّحَىٰ

Wadhdhuhaa.

2. Demi wayah wengi nalikane peteng tur lerem.

٢ - وَاللَّيْلِ إِذَا سَجَىٰ

Wallaili idzaa sajaa.

3. Allah Pangeranira Muhammad, ora ninggal ing sira lan ora duka marang sira!

٣ - مَا وَدَّعَكَ رَبُّكَ وَمَا قَلَىٰ

Maa wadda'aka rabbuka wamaa qalaa.

4. Lan yekti ganjaran Akherat iku luwih becik tumrap sira tinimbang karo Donya.

٤ - وَلَلْآخِرَةُ خَيْرٌ لَّكَ مِنَ الْأُولَىٰ

Walal aakhiratu khairul laka minal uulaa.

5. Lan ing tembe Allah Pangeranira bakal paring ing sira, nganti andadekake ridhanira.

٥ - وَلَسَوْفَ يُعْطِيكَ رَبُّكَ فَتَرْضَىٰ

Walasaufa yu'thiika rabbuka fatardhaa.

6. Apa ora Allah nemu ing sira dadi bocah yatim, banjur Allah anggula-wenthah ing sira?

٦ - أَلَمْ يَجِدْكَ يَتِيمًا فَآوَىٰ

Alam yajidka yatiiman fa-aawaa.

7. Lan PanjenengaNe nemu ing sira lagi bingung, nuli PanjenengaNe nuduhake.

٧ - وَوَجَدَكَ ضَالًّا فَهَدَىٰ

Wawajadaka dhaallan fahadaa.

8. Lan PanjenengaNe nemu ing sira miskin, banjur PanjenengaNe anyukupake.

٨ - وَوَجَدَكَ عَآئِلًا فَأَغْنٰى ۝

Wawajadaka 'aa-ilan fa-aghnaa.

9. Jalaran saka iku, sira aja sok misesa bocah yatim,

٩ - فَأَمَّا الْيَتِيمَ فَلَا تَقْهَرْ ۝

Fa-ammal yatiima falaa taqhar.

10. Lan aja sok nyentak wong anjejaluk,

١٠ - وَأَمَّا السَّآئِلَ فَلَا تَنْهَرْ ۝

Wa ammassaa-ila falaa tanhar.

11. Lan sira angetok-ngetokna kani'matan paparinging Allah Pangeranira.[1059]

١١ - وَأَمَّا بِنِعْمَةِ رَبِّكَ فَحَدِّثْ ۝ ع ١٥

Wa ammaa bini'mati rabbika fahaddits.

***)

1059) Artosipun supados loma sarta dedana ing masyarakat (ibadah sosial).

***) **Dene wonten ing surat Adh Dhuhaa, intisari kawigatosanipun: bilih Allah SWT boten babar pisan anglirwakaken Nabi Muhammad s.a.w. langkung-langkung Da'wah Islamiyah ingkang dados kuwajibanipun-pokok, sumiyaripun ing sadaya Bangsa-Bangsa, kajangkung sarta dipun lajengaken dening para Ulama, Da'i, Sarjana Muslim, sarta para Muballigh, lan para Pangageng, Pemimpin, Guru, Seniman Muslim, ngantos saben-saben Muslim wajib dados pelopor Da'wah Islam wonten ing pundi kemawon papan lan wekdalipun! Gusti Allah tansar anartani lan paring Hidayah lan Taufiq dhumateng sadaya aktivis panyebar piwucal Islam, „walau Aayah", tegesipun sanajana nembe mangertos satunggal piwucal, kedah dipun gethok-tularaken.**

AL INSYIRAH (KAJEMBARAN)

Surat kaping 94 : 8 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Adh Dhuhaa.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Apa Ingsun durung anjembarake dhadhanira Muhammad?

١ - أَلَمْ نَشْرَحْ لَكَ صَدْرَكَ ۝

Alam nasyrah laka shadrak.

2. Lan Ingsun wus nyirnakake momotan kang abot saka sira,

٢ - وَوَضَعْنَا عَنْكَ وِزْرَكَ ۝

Wawadha'naa 'anka wizrak.

3. Yaiku momotan kang ngebot-eboti gegerira,

٣ - الَّذِي أَنْقَضَ ظَهْرَكَ ۝

Alladzii anqadha zhahrak.

4. Lan Ingsun wus ngluhurake jeneng sira,

٤ - وَرَفَعْنَا لَكَ ذِكْرَكَ ۝

Warafa'naa laka dzikrak.

5. Sayekti kanthine rekasa iku gampang,

٥ - فَإِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا ۝

Fa-inna ma'al 'usri yusraa.

6. Satemene kanthine rekasa iku gampang,

٦ - إِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا ۝

Inna ma'al 'usri yusraa.

7. Manawa sira Muhammad wus rampung 'ibadah, sira banjur tumemena ing kabeh wajibira,

٧ - فَإِذَا فَرَغْتَ فَانْصَبْ ۝

Fa-idzaa faraghta fanshab.

8. Lan sira dhedhepea ing Allah Pangeranira!

٨ - وَإِلَىٰ رَبِّكَ فَارْغَبْ ۝

Wa ilaa rabbika farghab.

***)

***) Ing surat Al Insyirah (Kajembaran), kawigatosanipun Gusti Allah tetep angayomi sadaya Ummat Muhammad s.a.w. ingkang setiya tuhu dhateng perjuanganipun Da'wah Islam, sampun jamakipun jer basuki mawa beya! Pramila, Gusti Allah angebang-ebang bebingah tiyang ingkang sabar, lan teguh ing janji, angrungkebi agaminipun, netepi iman lan amal shalehipun.

AT TIIN (WOH TIN)

Surat kaping 95 : 8 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Buruuj.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Tumitahing manungsa iku blegering wujude becik dhewe!

1. Demi woh Tin, lan demi woh Zaitun,

١ - وَالتِّيْنِ وَالزَّيْتُوْنِ ۙ ۝

Wattiini wazzaituun.

2. Demi Gunung Thursina,

٢ - وَطُوْرِ سِيْنِيْنَ ۙ ۝

Wa thuuri siiniin.

3. Demi Negara Mekkah kang aman,

٣ - وَهٰذَا الْبَلَدِ الْاَمِيْنِ ۙ ۝

Wa haadzal baladil amiin.

4. Sayekti Ingsun wus nitahake manungsa ana ing sabecik-beciking gatra.

٤ - لَقَدْ خَلَقْنَا الْاِنْسَانَ فِيْٓ اَحْسَنِ تَقْوِيْمٍ ۝

Laqad khalaqnal insaana fii ahsani taqwiim.

5. Ingsun nuli ambalekake manungsa mau saasor-asoring panggonan (martabat), yaiku Neraka,

٥ - ثُمَّ رَدَدْنٰهُ اَسْفَلَ سٰفِلِيْنَ ۙ ۝

Tsumma radadnaahu asfala saafiliin.

Bobot kamulyaning manungsa ana ing iman lan amale.

6. Kajaba wong kang padha iman lan nindakake amal shaleh, mangka wong iku bakal kaparingan ganjaran kang tanpa pedhot.

٦ - اِلَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ فَلَهُمْ اَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُوْنٍ ۝

Illal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati falahum ajrun ghairu mamnuun.

7. Sawuse kang mangkono, apa kang bisa maido ing sira ana ing perkara Agama?

٧ - فَمَا يُكَذِّبُكَ بَعْدُ بِالدِّيْنِ ۝

Famaa yukadzdzibuka ba'du biddiin.

8. Apa Gusti Allah iku dudu Hakim kang luwih dening adil?

٨ - اَلَيْسَ اللّٰهُ بِاَحْكَمِ الْحٰكِمِيْنَ ۝

Alaisallaahu bi-ahkamil haakimiin.

***)

***) **Dene wonten ing surat At Tiin, kawigatosanipun anerangaken bilih Manungsa punika titahing Allah ingkang sampurna raga lan jiwanipun, utawi kasebat makhluk sosial ingkang saged damel kabudayan, sanesipun boten saged! Pramila kedah anetepi fitrah kadadosanipun, inggih punika teguh ing iman lan amal kasaenanipun!**

AL 'ALAQ (PRONGKOLAN GETIH KENTHEL)

Surat kaping 96 : 19 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, yaiku surat kang dhisik dhewe tumurune. Katiti mangsa 17 Ramadhan tahun 41 Fiil, utawi 6 Agustus tahun 610 Masihi, ing Guwa Hira, wahyu kaampil dening Malaikat Jibril a.s.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Maca nulis iku kuncining kawruh.

1. He Muhammad! sira macaa kalawan nyebut AsmaNe Allah kang wus anitahake kabeh makhluk,

١ - اِقْرَأْ بِاسْمِ رَبِّكَ الَّذِىْ خَلَقَ ۚ

Iqra' bismi rabbikal ladzii khalaq.

2. PanjenengaNe wus anitahake manungsa saka prongkolaning getih kenthel,

٢ - خَلَقَ الْاِنْسَانَ مِنْ عَلَقٍ ۚ

Khalaqal insaana min 'alaq.

3. He Muhammad! sira macaa, lan Allah Pangeranira iku Dzat kang Maha Mulya,

٣ - اِقْرَأْ وَرَبُّكَ الْاَكْرَمُ ۙ

Iqra' wa rabbukal akram.

4. Kang mulang nulis kalawan kalam,

٤ - الَّذِىْ عَلَّمَ بِالْقَلَمِ ۙ

Alladzii 'allama bil qalam.

5. Meruhake marang manungsa ing barang kang durung tau weruh,[1055]

٥ - عَلَّمَ الْاِنْسَانَ مَا لَمْ يَعْلَمْ ؕ

'Allamal insaana maa lam ya'lam.

1055) Ayat: 1 - 5 punika ayat-ayat Al Quraan ingkang wiwitan katurunaken. Ing nalika Muhammad s.a.w. yuswa 40 tahun sering tahannuts (miyambak gentur tirabadat) ing papan ingkang sepen, inggih punika ing Guwa Khira, salebeting pareden jabal Nur, 12 mil saking kitha Mekkah. Langkung-langkung ing wulan Ramadlan panjenenganipun ngasta sangu dhaharan kagem sawatawis dangu nyipeng, ing salebeting gentur tirabadah wau, sering nyumpena ingkang leres utawi Arru'yaa ashshadiqah. Tumuruning ayat: 1 - 5 kasebat wonten ing tanggal 17 Ramadlan utawi 6 Agustus tahun 610 Masehi.

Manungsa owah dadi wong ala, sabab dening rumangsa sugih (linuwih).

6. Mangertia, satemene manungsa iku banget lacute (ngliwati wates),

٦ - كَلَّآ إِنَّ الْإِنسَانَ لَيَطْغَىٰٓ ۝

Kallaa innal insaana layath-ghaa.

7. Amarga manungsa rumangsa andeleng awake sarwa kacukupan (sugih),

٧ - أَن رَّآهُ اسْتَغْنَىٰٓ ۝

Arra-aahus taghnaa.

8. He manungsa, satemene sira iku bakal bali sowan ing ngarsa dalem Allah Pangeranira,

٨ - إِنَّ إِلَىٰ رَبِّكَ الرُّجْعَىٰٓ ۝

Inna ilaa rabbikar ruj'aa.

9. Kapriye mungguh panemunira wong kang elik-elik,

٩ - أَرَءَيْتَ الَّذِى يَنْهَىٰ ۝

Ara-aital ladzii yanhaa.

10. Marang kawulaning Allah, Nabi Muhammad, nalika Shalat?

١٠ - عَبْدًا إِذَا صَلَّىٰٓ ۝

'Abdan idzaa shallaa.

11. Kapriye mungguh panemunira manawa kawula kang dielikake Shalat mau netepi pituduh kang bener?

١١ - أَرَءَيْتَ إِن كَانَ عَلَى الْهُدَىٰٓ ۝

Ara-aita in kaana 'alal hudaa.

12. Utawa ajak-ajak taqwa ing Allah?

١٢ - أَوْ أَمَرَ بِالتَّقْوَىٰ ۝

Au amara bittaqwaa.

13. Kapriye mungguh panemunira manawa wong kang elik-eilk mau maido lan malengos?

١٣ - أَرَءَيْتَ إِن كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰٓ ۝

Ara-aita in kadzdzaba watawallaa.

14. Apa dheweke ora mangerti, manawa sayekti Allah iku Maha Priksa?

١٤ - أَلَمْ يَعْلَم بِأَنَّ اللَّهَ يَرَىٰ ۝

Alam ya'lam bi-annallaaha yaraa.

15. Dieling, manawa dheweke ora padha gelem eling (mareni), mesthi Ingsun jambak kuncunge,

١٥ - كَلَّا لَئِن لَّمْ يَنتَهِ لَنَسْفَعًۢا بِالنَّاصِيَةِ ۝

Kallaa la-illam yantahi lanasfa'am binnaashiyah.

16. Kuncunge wong goroh tur duraka,

١٦ - نَاصِيَةٍ كَاذِبَةٍ خَاطِئَةٍ ۝

Naashiyatin kaadzibatin khaathi-ah.

17. Kareben, dheweke celuk-celuk anjaluk tulung marang kanca-kancane,

١٧ - فَلْيَدْعُ نَادِيَهُ ۝

Falyad'u naadiyah.

18. Ingsun bakal animbali Malaikat Zabaniyah!

١٨ - سَنَدْعُ الزَّبَانِيَةَ ۝

Sanad'uz zabaaniyah.

19. Dieling, sira Muhammad aja manut marang dheweke, ananging sira lestaria sujud, lan mareg ing PanjenengaNe Allah.

١٩ - ع ٢١ كَلَّا لَا تُطِعْهُ وَاسْجُدْ وَاقْتَرِبْ ۩ ۝

Kallaa laa tuthi'hu wasjud waqtarib.

***)

***) Kawigatosanipun surat Al 'Alaq (Prongkolan getih kenthel) ing antawisipun makaten: supados Manungsa sering maos Kitab Suci Al Quraan, ingkang dados pandoming ngagesang, kados pundi Manungsa angginakaken Al Quraan supados sukses ing Donya lan Akheratipun.

AL QADR (WENGI KANG MULYA)

Surat kaping 97 : 5 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat 'Abasa.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Lailatul Qadar kang minulya!

1. Temen Ingsun wus nurunake Quraan iku ana ing Lailatul Qadr, yaiku wengi kang minulya!

١ - اِنَّآ اَنْزَلْنٰهُ فِيْ لَيْلَةِ الْقَدْرِ ۝

Innaa anzalnaahu fii lailatil qadr.

2. Sira Muhammad, apa wus sumurup Lailatul Qadr iku apa?

٢ - وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا لَيْلَةُ الْقَدْرِ ۝

Wamaa ad-raaka maa lailatul qadr.

3. Lailatul Qadr kang mulya iku luwih becik tinimbang karo sewu sasi,

٣ - لَيْلَةُ الْقَدْرِ ۙ خَيْرٌ مِّنْ اَلْفِ شَهْرٍ ۝

Lailatul qadri khairum min alfi syahr.

4. Ing sajeroning wengi Lailatul Qadr kono, kabeh para Malaikat lan Malaikat Jibril padha garebegan tumurun kalawan idzining Allah Pangerane, angampil wahyu parentaHe,

٤ - تَنَزَّلُ الْمَلٰٓئِكَةُ وَالرُّوْحُ فِيْهَا بِاِذْنِ رَبِّهِمْ ۚ مِنْ كُلِّ اَمْرٍ ۝

Tanazzalul malaa-ikatu warruuhu fiihaa bi-idzni rabbihim min kulli amr.

5. Lah hiya iku wengi Kasugengan-rahayu, sahengga paletheking pajar!

٥ - سَلٰمٌ ۛ هِيَ حَتّٰى مَطْلَعِ الْفَجْرِ ۝

Salaamun hiya hattaa mathla'il fajr.

***)

***) Dene wonten ing surat Al Qadr (wengi kang mulya) kawigatosanipun makaten: bilih tumraping Ayat Quraan punika kawiwitan ing wanci dalu Lailatul Qadar inggih Dalu ingkang minulya! Inggih tumuruning ayat : 1 - 5 surat Al 'Alaq. Bobot kawigatosanipun 'ibadah ing dalu punika sami kaliyan Sewu Wulan, para Malaikat sarta Jibril tumurun ing Donya ngampil Wahyu ingkang mernata samukawis urusan!

AL BAYYINAH (CIHNA)

Surat kaping 98 : 8 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Ath Thalaq.

Kaiawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Ahli Kitab padha bendheng ceweng ngadhepi Muhammad s.a.w.

1. Para wong kafir ahli Kitab, lan wong-wong musyrik, padha ngucap manawa dheweke ora bakal ambuwang Agamane, sadurunge teka bukti (cihna) kang nuduhake kabenerane Agama Islam.

١ - لَمْ يَكُنِ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ وَالْمُشْرِكِيْنَ مُنْفَكِّيْنَ حَتّٰى تَاْتِيَهُمُ الْبَيِّنَةُ ۝

Lam yakunil ladziina kafaruu min ahlil kitaabi wal musyrikiina munfakkiina hattaa ta'tiyahumul bayyinah.

2. Yaiku sawijining Utusan saka ngarsa dalem Allah, kang macakake lembaran-lembaran kang disucekake, yaiku Quraan.

٢ - رَسُوْلٌ مِّنَ اللّٰهِ يَتْلُوْا صُحُفًا مُّطَهَّرَةً ۝

Rasuulum minallaahi yatluu shuhufam muthahharah.

3. Ing sajeroning Quraan isi Kitab-kitab kang bener.

٣ - فِيْهَا كُتُبٌ قَيِّمَةٌ ۝

Fiihaa kutubun qayyimah.

4. Wong kafir kang padha duwe cecekelan Al Kitab ora padha pasulayan (bendheng ceweng) kajaba sawuse katekan bukti kang bener, Agama Islam.

٤ - وَمَا تَفَرَّقَ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ اِلَّا مِنْ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ الْبَيِّنَةُ ۝

Wamaa tafarraqal ladziina uutul kitaaba illaa mim ba'di maa jaa-at humul bayyinah.

5. Ing mangka wong-wong iku kabeh ora padha diparentah, kajaba mung supaya

٥ - وَمَآ اُمِرُوْٓا اِلَّا لِيَعْبُدُوا اللّٰهَ مُخْلِصِيْنَ لَهُ

nyembah ing Allah, kanthi murnekake ing panembah, tur condhong marang kabeneran, ngedegake Shalat, sarta aweh Zakat, hiya kang mangkono iku Agama kang jejeg!

الدِّيْنَ ۚ حُنَفَآءَ وَيُقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُوا الزَّكٰوةَ وَذٰلِكَ دِيْنُ الْقَيِّمَةِ ۝

Wamaa umiruu illaa liya'budullaaha mukhlishiina lahuddiina hunafaa-a wa yuqiimush shalaata wa yu'tuunaz zakaata wa dzaalika diinul qayyimah.

6. Satemene wong-wong kafir ahli Kitab, lan wong-wong musyrik iku ana ing Neraka Jahanam, padha manggon langgeng ana ing Neraka kono. Wong iku kabeh ala-alane makhluk.

٦ - اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ وَالْمُشْرِكِيْنَ فِيْ نَارِ جَهَنَّمَ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۭ اُولٰۗىِٕكَ هُمْ شَرُّ الْبَرِيَّةِ ۝

Innal ladziina kafaruu min ahlil kitaabi wal musyrikiina fii naari jahannama khaalidiina fiihaa, ulaa-ika hum syarrul bariyyah.

7. Satemene wong-wong kang padha Mu'min lan nindakake kabecikan, wong iku kabeh becik-beciking makhluk.

٧ - اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ ۙ اُولٰۗىِٕكَ هُمْ خَيْرُ الْبَرِيَّةِ ۝

Innal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati ulaa-ika hum khairul bariyyah.

8. Ing tembe ana ing ngarsa dalem Allah Pangerane, wong-wong iku bakal kaparingan ganjaran Suwarga 'Adn, kang ing ngisore ana kaline mili, dheweke padha manggon tetep langgeng salawase ana ing Suwarga kono. Allah karenan marang wong-wong mau kabeh, sarta wong-wong mau kabeh uga padha ridha marang PanjenengaNe. Ganjaran kang mangkono mau kacawisake tumrap wong kang taqwa ing Allah tur sungkem adhedhepe ing PanjenengaNe.

٨ - جَزَاۗؤُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ جَنّٰتُ عَدْنٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۭ رَضِيَ اللّٰهُ عَنْهُمْ وَرَضُوْا عَنْهُ ۭ ذٰلِكَ لِمَنْ خَشِيَ رَبَّهٗ ۝ ع ٢٣

Jazaa-uhum inda rabbihim jannaatun tajrii min tahtihal anhaaru khaalidiina fiihaa abadaa, radhiyallaahu 'anhum wa radhuu'anhu, dzaalika liman khasyiya rabbah.

***)

***) Kawigatosaning surat Al Bayyinah (Cihna) antawisipun makaten : dipun pratelakaken dening tetiyang Ahli Kitab sarta tetiyang musyrik, manawi estu badhe rawuh Utusaning Allah, piyambakipun badhe nengga! Salebetipun nenggga sami badhe tetep ing Agaminipun piyambak-piyambak. Saestu nalika Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. lahir lan kawisuda dados Rasul pungkasan, sarana ngampil Kitab Al Quraan, tetiyang wau sami bendheng-ceweng, wonten ingkang iman, lan wonten ingkang maiben lan mengsahi! Ing mangka Nabi s.a.w. wau sifat-sifatipun kados dene Nabi-Nabi ingkang sampun kapengker, kadosta amanat, tabligh, sidiq lan fathonah, lan estunipun sifat-sifat mau piyambakipun sampun langkung rumiyin sami mangertos. Nanging dhasar wonten raos meri, drengki, lan jahil methakil, dados boten tebih kaliyan sesipatanipun tiyang kafir.!

AL ZALZALAH (HOREG)

Surat kaping 99 : 8 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Madinah, kawahyokake sawuse surat An Nisa'.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

١ - إِذَا زُلْزِلَتِ الْأَرْضُ زِلْزَالَهَا ۝

Idzaa zulzilatil ardhu zilzaalahaa.

1. Besuk dina Qiyamat, manawa Bumi horeg (nggegirisi gonjang-ganjinge!),

٢ - وَأَخْرَجَتِ الْأَرْضُ أَثْقَالَهَا ۝

Wa akhrajatil ardhu atsqaalahaa.

2. Lan Bumi wus ngetokake isen-isene,

٣ - وَقَالَ الْإِنْسَانُ مَا لَهَا ۝

Wa qaalal insaanu maa lahaa.

3. Lan manungsa pitakon: "Yagene Bumi horeg dadi mangkene?".

٤ - يَوْمَئِذٍ تُحَدِّثُ أَخْبَارَهَا ۝

Yauma-idzin tuhadditsu akhbaarahaa.

4. Ana ing dina iku Bumi nyaritakake kabar kahanane,

٥ - بِأَنَّ رَبَّكَ أَوْحَى لَهَا ۝

Bi-anna rabbaka auhaa lahaa.

5. Jalaran satemene Allah Pangeranira wus paring dhawuh kang mangkono marang Bumi,

٦ - يَوْمَئِذٍ يَصْدُرُ النَّاسُ أَشْتَاتًا لِيُرَوْا أَعْمَالَهُمْ ۝

Yauma-idziy yashdurun naasu asytaatalliurau a'maalahum.

6. Ana ing dina iku manungsa pating jredhul padha tangi saka kubur kahanane pisah-pisah, supaya bisa diweruhake piwales amal-amale,

٧ - فَمَنْ يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ خَيْرًا يَرَهُ ۝

Famay ya'mal mitsqaala dzarratin khairay yarah.

7. Mula, sing sapa tumindak becik amale, sanajana mung saboboting semut (wiji sawi), mesthi bakal meruhi ganjarane 'amal mau,

٨- وَمَنْ يَّعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ شَرًّا يَّرَهٗ ۝

Wamay ya'mal mitsqaala dzarratin syarray yarah.

8. Lan sing sapa tumindak ala, sanajana mung saboboting wiji sawi, hiya mesthi bakal meruhi piwalese tumindak mau.

***)

***) Dene wonten ing surat Al Zalzalah (Horeg) kawigatosanipun makaten : ing dinten Qiyamat, kawontenaning alam jagad raya dumadakan lajeng horeg, para manungsa pating blulung bingung, ing wusana sadaya ingkang maujud lajeng risak, lan para manungsa badhe kasowanaken dipun hisab amal tumindakipun.

AL 'AADIYAAT (JARAN KAPALERI KANG MLAYU BANTER)

Surat kaping 100 : 11 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al 'Ashr.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Manungsa dadi kumet ambedhidhil, jalaran banget senenge ing dhuwit.

١ - وَالْعٰدِيٰتِ ضَبْحًا ۝

1. Demi jaran kapaleri kang mlayu banter kalawan nyuwara napase,

Wal 'aadiyaati dhab-haa.

٢ - فَالْمُوْرِيٰتِ قَدْحًا ۝

2. Demi jaran ambandhang nganti tracake mletik genine,

Falmuuriyaati qad-haa.

٣ - فَالْمُغِيْرٰتِ صُبْحًا ۝

3. Demi jaran kang nempuh mungsuh ing wayah bangun,

Falmughiiraati shub-haa.

٤ - فَاَثَرْنَ بِهٖ نَقْعًا ۝

4. Banjur ngubal-ubalake baledug ana ing palagan kono,

Fa-atsarna bihii naq'aa.

٥ - فَوَسَطْنَ بِهٖ جَمْعًا ۝

5. Banjur nempuh ana ing madyaning bergada mungsuh!

Fawasathna bihii jam'aa.

٦ - اِنَّ الْاِنْسَانَ لِرَبِّهٖ لَكَنُوْدٌ ۝

6. Satemene manungsa kang kafir iku banget angase marang Allah Pangerane,

Innal insaana lirabbihii lakanuud.

7. Lan temen dheweke uga nyekseni tumrap angasing awake,

٧ - وَإِنَّهُ عَلَىٰ ذَٰلِكَ لَشَهِيدٌ ۝

Wa innahuu 'alaa dzaalika lasyahiid.

8. Lan yekti dheweke iku dhemen banget marang bandha,

٨ - وَإِنَّهُ لِحُبِّ الْخَيْرِ لَشَدِيدٌ ۝

Wa innahuu lihubbil khairi lasyadiid.

9. Apa dheweke ora sumurup, manawa kabeh kang ana ing kubur iku ditangekake?

٩ - أَفَلَا يَعْلَمُ إِذَا بُعْثِرَ مَا فِي الْقُبُورِ ۝

Afalaa ya'lamu idzaa bu'tsira maa fil qubuur.

10. Lan diwiyak apa kang ana ing sajeroning ati.

١٠ - وَحُصِّلَ مَا فِي الصُّدُورِ ۝

Wa hushshilamaa fish shuduur.

11. Satemene Allah Pangerane ing dina iku, waspada banget marang kahanane wong mau kabeh!

١١ - إِنَّ رَبَّهُمْ بِهِمْ يَوْمَئِذٍ لَّخَبِيرٌ ۝ ع ١ ٢٥

Inna rabbahum bihim yauma idzil lakhabiir.

***)

***) Ing surat Al 'Aadiyaat wigatosipun makaten : ancamaning Allah dhumateng tetiyang ingkang ingkar lan remen bandha kalangkung-langkung!

AL QAARI'AH (DINA QIYAMAT)

Surat kaping 101 : 11 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Quraisy.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

١ - اَلْقَارِعَةُ ۝

Alqaari'ah.

1. Qaari'ah (dahuru kang gawe horeg)

٢ - مَا الْقَارِعَةُ ۝

Malqaari'ah.

2. Qaari'ah iku apa?

٣ - وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الْقَارِعَةُ ۝

Wamaa ad-raaka malqaari'ah.

3. Lan apa sira wus sumurup, Qaari'ah iku apa?

٤ - يَوْمَ يَكُوْنُ النَّاسُ كَالْفَرَاشِ الْمَبْثُوْثِ ۝

Yauma yakuunun naasu kalfaraasyil mabtsuuts.

4. Yaiku ing dinane para manungsa padha pating blulung paya laron kang padha pating slebar.

٥ - وَتَكُوْنُ الْجِبَالُ كَالْعِهْنِ الْمَنْفُوْشِ ۝

Wa takuunul jibaalu kal 'ihnil manfuusy.

5. Gunung-gunung padha manculat! kaya wulu kang diabul-abul,

٦ - فَاَمَّا مَنْ ثَقُلَتْ مَوَازِيْنُهٗ ۝

Fa-ammaa man tsaqulat mawaaziinuh.

6. Ana dene sing sapa abot tinimbang amale,

7. Mangka dheweke ana ing panguripan kang nglegakake, yaiku Suwarga!

٧ - فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَّاضِيَةٍ ۝

Fahuwa fii 'iisyatir raadhiyah.

8. Dene wong kang entheng tinimbang amale,

٨ - وَأَمَّا مَنْ خَفَّتْ مَوَازِينُهُ ۝

Wa ammaa man khaffat mawaaziinuh.

9. Mangka panggonan baline Neraka Hawiyah,

٩ - فَأُمُّهُ هَاوِيَةٌ ۝

Fa-ummuhuu haawiyah.

10. Lan apa sira wus sumurup, Hawiyah iku apa?

١٠ - وَمَا أَدْرَاكَ مَا هِيَهْ ۝

Wamaa ad-raaka maa hiyah.

11. Yaiku geni kang panas banget, makantar-kantar!

١١ - نَارٌ حَامِيَةٌ ۝

Naarun haamiyah.

***)

***— **Kawigatosaning surat Al Qaari'ah makaten : warni-warni kadadosan ing dinten Qiyamat, Gunung Gunung sami miber kados wulu ayam, manungsa sa'alam Donya sami kekes ajrih, lan sami badhe dipun timbang sadaya amalipun.**

AT TAKAATSUR (JOR-JORAN MOBRA-MOBRO)

Surat kaping 102 : 8 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Kautsar.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Ancamaning Allah tumrap wong kang nglirwakake Agama lan urip mobra-mobro!

1. Jor-joran sugih iku nglirwakake sira kabeh ing Agama!

١ - اَلْهٰكُمُ التَّكَاثُرُ ۝

Alhaakumut takaatsur.

2. Nganti sira kabeh padha ngeleng (mlebu) ing kubur,

٢ - حَتّٰى زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ ۝

Hattaa zurtumul maqaabir.

3. Dieling, aja mangkono! ing mengko sira bakal sumurup,

٣ - كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ۝

Kallaa saufa ta'lamuun.

4. Banjur aja mangkono! ing tembe buri sira mesthi bakal sumurup dhewe,

٤ - ثُمَّ كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ۝

Tsumma kallaa saufa ta'lamuun.

5. Aja mangkono! manawa sira mangerti marang ilmu kang yakin,

٥ - كَلَّا لَوْ تَعْلَمُوْنَ عِلْمَ الْيَقِيْنِ ۝

Kallaa lau ta'lamuuna 'ilmal yaqiin.

6. Yekti sira bakal sumurup Neraka Jahim,

٦ - لَتَرَوُنَّ الْجَحِيْمَ ۝

Latarawunnal jahiim.

٧ - ثُمَّ لَتَرَوُنَّهَا عَيْنَ الْيَقِينِ ۝

Tsumma latarawunnahaa 'ainal yaqiin.

7. Banjur sumurup Neraka Jahim mau kalawan kasat ing mata,

٨ - ثُمَّ لَتُسْـَٔلُنَّ يَوْمَئِذٍ عَنِ النَّعِيمِ ۝ ع ١ ٢٤

Tsumma latus-alunna yauma-idzin 'anin na'iim.

8. Banjur ing dina iku sira kabeh mesthi bakal kadangu ing perkara kani'matan Donya kang sira padha jor-joran sugih!

***)

***) **Dene ing surat At Takaatsur kawigatosanipun kekajenganipun manungsa makaten badhe remen gesang ropyan-ropyan ing Donya kemawon, boten purun pejah ingkang badhe naggeljawab sadaya salah lan dosanipun. Nanging nyatanipun sadaya manungsa badhe dipun jemput Malaikat Izrail, ingkang kajibah nyabut nyawa!**

AL 'ASHR (MANGSA)

Surat kaping 103 : 3 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Insyirah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

1. Demi mangsa!

١ - وَالْعَصْرِ ۝

Wal 'ashri.

2. Satemene manungsa iku yekti padha kapitunan,

٢ - اِنَّ الْاِنْسَانَ لَفِيْ خُسْرٍ ۝

Innal insaana lafii khusrin.

3. Kajaba wong kang padha iman, lan nindakake laku becik, padha weling-wineling ing perkara bener, sarta padha weling-wineling ing perkara sabar!

٣ - اِلَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ وَتَوَاصَوْا بِالْحَقِّ ۙ وَتَوَاصَوْا بِالصَّبْرِ ۝

Illal ladziina aamanuu wa 'amilush shaalihaati watawaashau bil haqqi wa tawaashau bish-shabr.

***)

***) Kawigatosanipun surat Al 'Ashr (Mangsa) makaten : bilih sadaya manungsa wonten ing kapitunan ingkang ageng, manawi sadaya wekdalipun boten katanjajaken kagem amal lan 'ibadah. Dados wekdal punika namtokaken sanget, punapa malih wonten nyambut damel organisasi perusahaan, pelayaran, penerbangan, pemborongan, langkung-langkung wonten ing Pemerintahan zaman modern. Sadaya kegiatan kedah dipun damel planning, programming, lan controlling sarta, saben-saben katamtuan wekdal wajib dipun estokaken dening sintena ingkang kawogan. Kasep ateges rugi arta, rugi nami, rugi kalenggahan, lan rugi kawibawan! Dados netepi janji punika ciri khusus tiyang modern. Sampun ngantos kalimah ampuh, isi suraos restu lan Berkahing Allah, inggih punika kasagahan: „Insya Allah", dados dedolanan dereng sagah saestu!

AL HUMAZAH (WONG KANG DHEMEN NACAD ING LIYAN)

Surat kaping 104 : 9 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Qiyaamah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Cilaka tumrap wong kang numpuk-numpuk bandha ora kanggo dedana ing dalaning Allah.

1. Cilaka tumrap wong kang padha dhemen nacad ing liyan, lan nyatur ala!

١ - وَيْلٌ لِّكُلِّ هُمَزَةٍ لُّمَزَةٍ

Wailul likulli humazatil lumazah.

2. Kang padha numpuk-numpuk bandha lan tansah ngetung-etung,

٢ - اَلَّذِىْ جَمَعَ مَالًا وَّعَدَّدَهٗ

Alladzii jama'a maalaw wa'addadah.

3. Dheweke duwe pangira manawa bandhane iku bisa nglanggengake jiwane, luput saka pati.

٣ - يَحْسَبُ اَنَّ مَالَهٗٓ اَخْلَدَهٗ

Yahsabu anna maalahuu akhladah.

4. Babar pisan ora mangkono! Temen dheweke mesthi bakal kacemplungake Neraka Huthamah.

٤ - كَلَّا لَيُنْۢبَذَنَّ فِى الْحُطَمَةِ

Kallaa layumbadzanna fil huthamah.

5. Muhammad! apa sira wus sumurup, Huthamah iku apa?

٥ - وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الْحُطَمَةُ

Wamaa ad-raaka mal huthamah.

6. Yaiku geni kagungaNe Allah kang diurubake,

٦ - نَارُ اللّٰهِ الْمُوْقَدَةُ

Naarullaahil muuqadah.

7. Kang nylomot tekan ing ati,

٧ - اَلَّتِيْ تَطَّلِعُ عَلَى الْاَفْـِٕدَةِ ۝

Allatii taththali'u 'alal af-idah.

8. Satemene wong-wong kafir ana ing sajeroning Neraka Huthamah mau ditutup rapet,

٨ - اِنَّهَا عَلَيْهِمْ مُّؤْصَدَةٌ ۝

Innahaa 'alaihim mu'shadah.

9. Tur dipantek ana ing saka kang di-slorokake!

٩ - فِيْ عَمَدٍ مُّمَدَّدَةٍ ۝

Fii 'amadim mumaddadah.

***)

***) **Dene ing surat Al Humazah kawigatosanipun: ancamaning Allah dhumateng sintena tiyang ingkang remen nacat sedherek sanes lan ngraosi awon tiyang sanes.**

AL FIIL (GAJAH)

Surat kaping 105 : 5 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake; sawuse surat Al Kaafiruun.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Wadyabala kang numpak Gajah kang nggredeg Ka'bah ajur mumur dening benduning Allah.

1. Apa sira Muhammad, ora anyetitekake kapriye anggone Allah Pangeranira numpes wadyabala kang numpak Gajah?

١ - اَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِاَصْحٰبِ الْفِيْلِ ٥

Alam tara kaifa fa'ala rabbuka bi-ash-haabil fiil.

2. Apa PanjenengaNe Allah ora wus andamel pangreka dayane mungsuh mau dadi tanpa gawe?

٢ - اَلَمْ يَجْعَلْ كَيْدَهُمْ فِيْ تَضْلِيْلٍ ٥

Alam yaj'al kaidahum fii tadhliil.

3. Lan PanjenengaNe wus angutus manuk gegrombolan,

٣ - وَّاَرْسَلَ عَلَيْهِمْ طَيْرًا اَبَابِيْلَ ٥

Wa arsala 'alaihim thairan abaabiil.

4. Manuk-manuk padha bebarengan ngrutug nganggo watu kang diobong.

٤ - تَرْمِيْهِمْ بِحِجَارَةٍ مِّنْ سِجِّيْلٍ ٥

Tarmiihim bihijaaratim min sijjiil.

5. PanjenengaNe Allah banjur andamel wong-wong mau kabeh kaya dene gegodhongan kang dipangan kewan!

٥ - فَجَعَلَهُمْ كَعَصْفٍ مَّاْكُوْلٍ ٥

Faja'alahum ka'ashfim ma'kuul.

***)

***) Manawi surat Fiil kawigatosanipun makaten: wadyabala Gajah saking bregada Raja Abrahah, dhateng nyerbu saking tlatah Afrika, neja ngrebahaken Ka'bah Al Mukarramah (iyasanipun Nabi Ibrahim a.s. kabantu putra kinasih Nabi Ismail a.s.), nanging kawusananipun agressor wadyabala Gajah katiwasan sedaya.

AL QURAISY (TRAH QURAISY)

Surat kaping 106 : 4 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat At Tiin.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kamakmuran sarta kaamanan samesthine nyebabake manungsa bekti ing Allah.

1. Jalaran wis dadi padatane wong-wong Quraisy,

١ - لِاِيْلٰفِ قُرَيْشٍ ۝

Li-iilaafi quraisyin

2. Yaiku pakulinane dheweke padha ngumbara (kapilah) ing mangsa bedhidhing lan mangsa katiga.

٢ - اٖلٰفِهِمْ رِحْلَةَ الشِّتَآءِ وَالصَّيْفِ ۝

Ilaafihim rihlatasy syitaa-i washshaiif.

3. Mula saka iku, wong-wong mau supaya padha nyembah ing Allah Pangeraning Padaleman Ka'bah iki!

٣ - فَلْيَعْبُدُوْا رَبَّ هٰذَا الْبَيْتِ ۝

Falya'buduu rabbaa haadzal baiit.

4. PanjenengaNe kang wus paring pangan marang wong-wong mau kabeh, luput saka bebaya kaluwen, lan paring katentreman marang wong-wong mau saka rasa wedi.

٤ - الَّذِيْٓ اَطْعَمَهُمْ مِّنْ جُوْعٍ ۙ وَّاٰمَنَهُمْ مِّنْ خَوْفٍ ۝ ع

Alladzii ath'amahum min juu'iw wa aamanahum min khauuf.

***)

***) Menggah suraosing surat Al Quraisy makaten: pepenget tumrap trahipun Bani Quraisy supados syukur ing Allah, jalaran sampun pinten-pinten kani'matan peparinging Allah kaparingaken, inggih punika ngestokaken sadaya dhawuhing Allah, lan nilar sadaya awisanipun Allah.

AL MAA'UUN (BARANG KANG PIGUNA)

Surat kaping 107 : 7 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat At Takaatsur.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Sawatara sipat kang kawawas ateges anggorohake Agama.

1. Apa sira Muhammad, wus weruh wong kang maido Agama?

١ - اَرَءَيْتَ الَّذِىْ يُكَذِّبُ بِالدِّيْنِ ۝

Ara-aital ladzii yukadzdzibu biddiin.

2. Yaiku wong kang ora mikir marang bocah yatim,

٢ - فَذٰلِكَ الَّذِىْ يَدُعُّ الْيَتِيْمَ ۝

Fadzaalikal ladzii yadu'ul yatiim.

3. Lan dheweke ora greteh supaya aweh pangan marang wong miskin,

٣ - وَلَا يَحُضُّ عَلٰى طَعَامِ الْمِسْكِيْنِ ۝

Walaa yahudhdhu 'alaa tha'aamil miskiin

4. Cilaka banget, wong kang padha Shalat,

٤ - فَوَيْلٌ لِّلْمُصَلِّيْنَ ۝

Fawailul lil mushalliin.

5. Kang padha lali saka maksude anggone padha Shalat!

٥ - الَّذِيْنَ هُمْ عَنْ صَلَاتِهِمْ سَاهُوْنَ ۝

Alladziina hum 'an shalaatihim saahuun.

6. Kang padha pamer anggone Shalat, supaya dipuji dening liyan!

٦ - الَّذِيْنَ هُمْ يُرَآءُوْنَ ۝

Alladziina hum yuraa-uun.

7. Lan ora padha gelem tetulung sarana barang kang piguna!

٧ ـ وَيَمْنَعُونَ الْمَاعُونَ ۝

Wa yamna'uunal maa'uun.

***)

***) Ing surat Al Maa'uun wonten kawigatosan: wonten sipating manungsa ingkang saged kawastanan anggorohaken Agami, inggih punika nglirwakake pangupakara tiyang miskin, lare yatim sarta tiyang kasekengan sanes-sanesipun. Makaten ugi ancaman tumrap tiyang ingkang nglirwakaken lan ngrendhe-ngrendhe nindakaken Shalat, sarta Shalatipun kangge pamer!

AL KAUTSAR (NI'MAT KABECIKAN KANG AKEH)

Surat kaping 108 : 3 ayat
Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al 'Aadiyaat.;

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Ibadah Shalat lan Qurban iku pertandha syukur ing Allah.

1. Temen Ingsun wus maringi ing sira Muhammad, ni'mat kabecikan kang akeh,

١ - إِنَّآ أَعْطَيْنٰكَ الْكَوْثَرَ ۝

Innaa a'thainaakal kautsar.

2. Mula saka iku, sira nindakna Shalat ing Allah Pangeranira, lan nyembeleha Qurban,

٢ - فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ ۝

Fashalli lirabbika wan-har.

3. Sayekti wong kang gething marang sira iku wong kang cures, pedhot saka ni'mat kabecikan tur entek turunane!

٣ - إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ ۝

Inna syaani-aka huwal abtar.

***)

***) **Ing surat Al Kautsar anyuraosaken: bilih Gusti Allah sampun kathah sanget paring Berkah kanimatan awujud punapa kemawon dhumateng sadàya ummat Manungsa, pramila samiya manembah 'ibadah sarta dhedhepe ing Allah, lan amal shaleh. Makaten ugi nerangaken bilih Nabi Muhammad s.a.w. punika badhe tambah kathah pendherekipun ngantos dumugi ing dinten Qiyamat.**

AL KAAFIRUUN (WONG WONG KAFIR)

Surat kaping 109 : 6 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Maa'uun.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Ora ana toleransi ana ing perkara Iman lan Ibadat.

1. Dhawuha sira Muhammad: "He wong wong kafir!".

١ - قُلْ يٰٓاَيُّهَا الْكٰفِرُوْنَ ۝

Qul yaa ayyuhal kaafiruun.

2. Aku ora nyembah brahala kang padha sira sembah,

٢ - لَآ اَعْبُدُ مَا تَعْبُدُوْنَ ۝

Laa a'budu maa ta'buduun.

3. Lan sira kabeh ora padha nyembah Allah kang dak sembah,

٣ - وَلَآ اَنْتُمْ عٰبِدُوْنَ مَآ اَعْبُدُ ۝

Walaa antum 'aabiduuna maa a'bud.

4. Aku dudu kang nyembah kaya carane anggonira nyembah,

٤ - وَلَآ اَنَا عَابِدٌ مَّا عَبَدْتُّمْ ۝

Walaa ana'aabidum maa 'abad-tum

5. Lan sira uga dudu kang nyembah kaya carane anggonku nyembah,

٥ - وَلَآ اَنْتُمْ عٰبِدُوْنَ مَآ اَعْبُدُ ۝

Walaa antum 'aabiduuna maa a'bud.

6. Agamanira kanggo sira dhewe, lan Agamaku uga kanggo aku dhewe!

٦ - لَكُمْ دِيْنُكُمْ وَلِيَ دِيْنِ ۝

Lakum diinukum wa liyadiin.

***)

***) **Kawigatosanipun surat Al Kaafiruun :katamtuan pokok iman lan 'ibadah ing Agami Islam, inggih punika Allah SWT piyambak ingkang dipun sembah lan dipun suwuni hidayah lan Taufiq dening Ummat Islam, lan tiyang kafir boten nyembah Allah. Dene tetiyang kafir sami nyembah dhateng Sesembahanipun, tetiyang Islam mboten makaten. Punika artosipun :,,Lakum diinukum waliyadiin", Agamamu hiya agamamu, Agamaku hiya Agamaku!**

AN NASHR (PITULUNGAN)

Surat kaping 110 : 3 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat At Taubah.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Pitulungan lan kamenangan iku saka ngarsa dalem Allah, mula padha mujiya syukur!

1. Manawa wus teka pitulunganIng Allah, lan kamenangan.

١ - إِذَا جَآءَ نَصْرُ اللّٰهِ وَالْفَتْحُ ۝

Idzaa jaa-a nashrullaahi wal fath.

2. Lan sira Muhammad, sumurup para manungsa padha gumurudug lumebu Agama-Ne Allah, Agama Islam!

٢ - وَرَأَيْتَ النَّاسَ يَدْخُلُوْنَ فِيْ دِيْنِ اللّٰهِ أَفْوَاجًا ۝

Wara-aitan naasa yad-khuluuna fii dii-nillaahi afwaajaa.

3. Mula saka iku, sira Muhammad banjur maha nucekna kanthi memuji ing Allah Pangeranira, lan nyuwuna pangapura, satemene Allah iku Maha narima ing tobat!

٣ - فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَاسْتَغْفِرْهُ إِنَّهُ كَانَ تَوَّابًا ۝

Fasabbih bihamdi rabbika wastaghfirhu innahuu kaana tawwaabaa.

***)

***) **Dene wonten ing surat An Nashr punika kawigatosanipun janjining Allah dhumateng Nabi Muhammad s.a.w. sarta Ummat Islam, bilih pitulunganipun Allah tamtu badhe kaleksanan inggih punika kathah para simpatisan lajeng estu-estu lumebet ing Agami Islam lan setya tuhu, pramila Ummat Islam kedah saged anjagi kalastantunanipun sarta kamajenganipun da'wah Islam, demi karaharjaning Donya lan Akherat!**



AL LAHAB (MULAD MULADE GENI)

Surat kaping 111 : 5 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Fath.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Wong kang dhemen pitenah ing liyan mesthi bakal sengsara!

1. Cilaka tangane loro pisan Abu Lahab, lan nyata bakal sengsara,

١ - تَبَّتْ يَدَآ اَبِيْ لَهَبٍ وَّتَبَّ ۝

Tabbat yadaa abii lahabiw watabb

2. Bandha lan panggaweane Abu Lahab ora bisa maedahi ing awake,

٢ - مَآ اَغْنٰى عَنْهُ مَالُهٗ وَمَا كَسَبَ ۝

Maa aghnaa 'anhu maaluhuu wamaa kasab.

3. Dheweke bakal kacemplung Neraka kang mulad-mulad,

٣ - سَيَصْلٰى نَارًا ذَاتَ لَهَبٍ ۝

Sayashlaa naaran dzaata lahab.

4. Lan mangkono uga bojone kang gawene anggendhong kayu, uga bakal kacemplung Neraka!

٤ - وَّامْرَاَتُهٗ ۭ حَمَّالَةَ الْحَطَبِ ۝

Wamra-atuhuu hammaalatal hathab.

5. Kang dikalungi dhadhung gulune!

٥ - فِيْ جِيْدِهَا حَبْلٌ مِّنْ مَّسَدٍ ۝

Fii jiidihaa hablum mim masad.

***)

***) Ing surat Al Lahab punika kawigatosanipun: sawatawis sejarah ringkes Abu Lahab lan Estrinipun ambalela ing Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. sarta bandha lan rekadayanipun mboten saged angrebahaken kesabaranipun Rasulullah s.a.w.

AL IKHLAASH (NYUCEKAKE KA-ESA-ANING ALLAH)

Surat kaping 112 : 4 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat An Naas.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Makna Ka Esaaning Allah.

1. Muhammad, sira dhawuha: "Allah iku asipat Esa" (Sawiji).

١ - قُلْ هُوَ اللّٰهُ اَحَدٌ ۝

Qul huwallaahu ahad.

2. Allah iku kang sinedya, kang dibutuhake dening sakabehing titah,

٢ - اَللّٰهُ الصَّمَدُ ۝

Allaahush shamad.

3. PanjenengaNe Allah iku ora peputra, lan ora diputrakake,

٣ - لَمْ يَلِدْ ۙ وَلَمْ يُوْلَدْ ۙ

Lam yalid walam yuulad.

4. Lan ora ana sawiji-wiji kang madhani ing PanjenengaNe Allah!

٤ - وَلَمْ يَكُنْ لَّهٗ كُفُوًا اَحَدٌ ۝

Walam yakullahuu kufuwan ahad.

***)

***) **Dene ing surat Al Ikhlash kawigatosanipun: kamurnian piwucal Tauhid ing Allah lan dipun tolak (boten katampi, malah dosa ageng ingkang boten saged dipun apunten) manawi tumindak musyrik awangun punapa kemawon!**

AL FALAQ (PADHANGING SUBUH)

Surat kaping 113 : 5 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Fiil.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ٥

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

Hamung marang Allah piyambak para manungsa nyuwun reksa saka pialaning piala.

١ - قُلْ اَعُوْذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ ٥

Qul a'uudzu birabbil falaq

1. Muhammad, sira dhawuha: "Aku nyuwun reksa marang Pangeran kang andamel cah aning Subuh,

٢ - مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ ٥

Min syarri maa khalaq.

2. Saka pialane barang kang wus dititahake dening PanjenengaNe,

٣ - وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ اِذَا وَقَبَ ٥

Wamin syarri ghaasiqin idzaa waqab.

3. Lan saka pialane wengi manawa wus peteng ndhedhet,

٤ - وَمِنْ شَرِّ النَّفّٰثٰتِ فِى الْعُقَدِ ٥

Wamin syarrin naffaatsaati fil 'uqad.

4. Lan saka pialane para tukang (dhukun) sihir kang nyebul-nyebul bundhelan,

٥ - وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ اِذَا حَسَدَ ٥

Wamin syarri haasidin idzaa hasad.

5. Lan saka pialane wong drengki manawa nindakake kadrengkene!

***)

***) Ing surat Al Falaq kawigatosanipun makaten: dhawuhing Allah supados para manungsa nyuwun reksa dhumateng Allah SWT piyambak saking panggodha lan piawonipun syetan ingkang karanjam! Makaten ugi nyuwun reksa dhumateng Allah SWT piyambak saking piawonipun tiyang drengki jahil methakil lan piawonipun tukang (dhukun) sihir!.

AN NAAS (MANUNGSA)

Surat kaping 114 : 6 ayat

Tumuruning wahyu ana ing Mekkah, kawahyokake sawuse surat Al Falaq

Kalawan asma dalem Allah kang Maha Murah, Maha Asih.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Bismillaahir rahmaanir rahiim.

Ing ngarsa dalem Allah piyambak manungsa iku nyuwun reksa saka panggodhaning syetan.

1. Muhammad, sira dhawuha: "Aku nyuwun reksa marang Allah kang rumeksa ing sakabehing manungsa,

١ - قُلْ اَعُوْذُ بِرَبِّ النَّاسِ ○

Qul a'uudzu birabbin naas.

2. Kang angratoni kabeh manungsa,

٢ - مَلِكِ النَّاسِ ○

Malikin naas.

3. Pangeraning kabeh manungsa,

٣ - اِلٰهِ النَّاسِ ○

Ilaahin naas.

4. Saka pialane syetan kang ambebujuk sarana ngenteni lenane,

٤ - مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ ۙ الْخَنَّاسِ ○

Min syarril waswaasil khannaas.

5. Kang tansah ambebujuk ana ing atine para manungsa,

٥ - الَّذِىْ يُوَسْوِسُ فِىْ صُدُوْرِ النَّاسِ ○

Alladzii yuwaswisu fii shuduurin naas.

6. Yaiku syetan saka bangsa jin lan manungsa!

٦ - مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ ○

Minal jinnati wannaas.

***)

***) **Kawigatosan ing surat An Naas: supados para manungsa nyuwun reksa dnumateng Allah saking piawonipun syetan, jin lan manungsa ingkang gadhah maksud awon ing kita!**

دعاء ختم القرآن الكريم

DONGA KHATAM ALQUR-AANUL KARIIM

اَللّٰهُمَّ رَبَّنَا يَا رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّا اِنَّكَ اَنْتَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ .

Allaahumma rabbanaa yaa rabbanaa taqabbal minnaa inaka antas samii'ul 'aliim.

Dhuh Allah, Pangeran kita! Mugi Paduka kapareng nampi 'ibadah kita maos Quraan, saestu hamung Paduka Piyambak ingkang Maha Midhanget sarta Maha Wikan!

وَتُبْ عَلَيْنَا يَا مَوْلَانَا اِنَّكَ اَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيْمُ .

Watub 'alainaa yaa maulaanaa innaka antat-tawwaabur rahiim.

Tuwin mugi Paduka kapareng nampi tobat kita, Dhuh Pangeran kita! Saestu hamung Paduka piyambak Dzat ingkang nampi tobat tur Maha Asih.

وَاهْدِنِيْ وَاهْدِنَا وَوَفِّقْنَا اِلَى الْحَقِّ وَاِلٰى طَرِيْقٍ مُّسْتَقِيْمٍ بِبَرَكَةِ خَتْمِ الْقُرْاٰنِ الْعَظِيْمِ .

Wahdinii wahdinaa wa waffiqnaa ilal haqqi wa ilaa thariiqim mustaqiimin bibarakati khatmil qur'aanil 'azhiim.

Mugi Paduka paring pitedah ing kita, lan mugi nedahana ing kita, lan mugi ngleresna dhateng kita ing barang leres, lan margi ingkang leres, jalaran saking berkahipun khatam maos Quraan ingkang Agung.

وَبِحُرْمَةِ حَبِيْبِكَ وَرَسُوْلِكَ الْكَرِيْمِ .

Wa bihurmati habiibika wa rasuulikal kariim.

Lan jalaran berkah: Kekasih dalem sarta Utusan dalem ingkang Minulya.

وَاعْفُ عَنَّا يَا كَرِيْمُ وَاعْفُ عَنَّا يَا رَحِيْمُ .

Wa'fu 'annaa yaa kariimu wa'fu 'annaa yaa rahiim.

Lan mugi Paduka paring Pangaksama ing kita, Dhuh Pangeran ingkang Maha Mulya, tuwin mugi Paduka paring pangapunten ing kita, Dhuh Pangeran ingkang Maha Asih.

وَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوْبَنَا بِفَضْلِكَ وَكَرَمِكَ يَا اَكْرَمَ الْاَكْرَمِيْنَ وَيَا اَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ .

Waghfir lanaa dzunuubanaa bifadhlika wa karamika yaa akramal akramiina wa yaa arhamar raahimiin.

Lan mugi Paduka paring pangaksama dosa-dosa kita, jalaran saking Kamirahan Paduka, lan Kamulyan Paduka, Dhuh Pangeran ingkang samulya-mulyanipun /Dzat ingkang Mulya, Dhuh Pangeran ingkang Maha Asih.

اَللّٰهُمَّ زَيِّنَّا بِزِيْنَةِ خَتْمِ الْقُرْاٰنِ .

Allaahumma zayyinnaa biziinati khatmil quraan.

Dhuh Allah, mugi Paduka maesana ing kita sarana pepaes ganjaranipun ingkang khatam maos Quraan.

Lan mugi Paduka paring pakurmatan (lalenggahan)ing kita sarana berkah pakurmatan pahala khatam maos Quraan.

وَأَكْرِمْنَا بِكَرَامَةِ خَتْمِ الْقُرْآنِ .

Wa krimnaa bikaraamati khatmil qur-aan.

Lan mugi Paduka paring kamulyan ing kita, sarana berkah kamulyanipun khatam maos Quraan.

وَشَرِّفْنَا بِشَرَافَةِ خَتْمِ الْقُرْآنِ .

Wa syarrifnaa bisyaraafati khatmil qur-aan.

Lan mugi Paduka paring pangangge ing kita, minangka tameng kita, saking berkah nugrahaning maos Quraan.

وَأَلْبِسْنَا بِخِلْعَةِ خَتْمِ الْقُرْآنِ .

wa albisnaa bikhil'ati khatmil qur-aan.

Lan mugi Paduka nglebetaken kita, ing Suwarga sesarengan kaliyan Quraan

وَأَدْخِلْنَا الْجَنَّةَ مَعَ الْقُرْآنِ .

Wa adkhilnal jannata ma'al qur-aan.

Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring karaharjan ing kita wonten Donya, lan paring karaharjan ing Akherat, sarta mugi tinebihna kita saking siksa Neraka.

رَبَّنَآ اٰتِنَا فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً وَّفِى الْاٰخِرَةِ حَسَنَةً وَّقِنَا عَذَابَ النَّارِ

Rabbanaa aatinaa fiddun-yaa hasanatan wa fil aakhirati hasanatan wa qinaa 'adzaaban naar.

Dhuh Pangeran kita, saestu kita sampun midhanget ajakanipun tiyang ingkang ajak-ajak iman, ajakanipun: „Mugi sampeyan sadaya sami kersa iman dhumateng Pangeran kita", tumunten kita sami iman!

رَبَّنَآ اِنَّنَا سَمِعْنَا مُنَادِيًا يُّنَادِىْ لِلْاِيْمَانِ اَنْ اٰمِنُوْا بِرَبِّكُمْ فَاٰمَنَّا .

Rabbanaa innanaa sami'naa munaadiyan yunaadii lil-iimaani an aaminuu birabbikum faaamannaa.

Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring pangaksama dosa-dosa kita, lan mugi Paduka icali kadurakan kita, lan mugi Paduka pejahi kita sesarengan tiyang ingkang sae.

رَبَّنَا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوْبَنَا وَكَفِّرْ عَنَّا سَيِّاٰتِنَا وَتَوَفَّنَا مَعَ الْاَبْرَارِ .

Rabbanaa faghfir lanaa dzunuubanaa wa kaffir 'annaa sayyi-aatinaa wa tawaffanaa ma'al abraar.

Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka paring punapa kemawon ingkang sampun Paduka janjekaken dhumateng para Andika Rasul Paduka, lan sampun ngantos Paduka damel sisah ing kita benjing dinten Qiyamat; sayektos Paduka punika boten badhe cidra ing janji.

رَبَّنَا وَاٰتِنَا مَا وَعَدْتَّنَا عَلٰى رُسُلِكَ وَلَا تُخْزِنَا يَوْمَ الْقِيٰمَةِ اِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيْعَادَ .

Rabbanaa wa aatinaa maa wa'ad tanaa 'alaa rusulika walaa tukhzinaa yaumal qiyaamati innaka laa tukhliful mii'aad.

Dhuh Pangeran kita, kita sampun nganiaya badan kita piyambak, lan saupami Paduka boten kersa paring pangapunten ing kita, sarta paring Asih ing kita, saestu kawontenan kita tamtu dados tiyang ingkang sami kapitunan.

رَبَّنَا ظَلَمْنَآ أَنفُسَنَا وَإِن لَّمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ .

Rabbanaa zhalamnaa anfusanaa wa illam taghfir lanaa wa tarhamnaa lanakuunanna minal khaasiriin.

Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka andadosna ing kita tiyang ingkang tansah sami nindakaken Shalat, makaten ugi anak turun kita.

رَبِّ اجْعَلْنِي مُقِيمَ الصَّلَوٰةِ وَمِن ذُرِّيَّتِي

Rabbij'alnii muqiimash shalaati wamin dzurriyyatii.

Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka kapareng nampi panuwun kita, Dhuh Pangeran, mugi Paduka paring pangapunten ing kita lan tiyang sepuh kita Kakalih, sarta tiyang Mu'minin, benjing ing dinten traping Hisab (piwales awon lan sae).

رَبَّنَا وَتَقَبَّلْ دُعَآءِ رَبَّنَا اغْفِرْ لِي وَلِوَالِدَيَّ وَلِلْمُؤْمِنِينَ يَوْمَ يَقُومُ الْحِسَابُ .

Rabbanaa wa taqabbal du'aa-i rabbanaghfir lii wa liwaalidayya wa lil-mu'miniina yauma yaquumul hisaab.

Dhuh Pangeran kita, Paduka sampun paring kajembaran Rakhmat lan Ilmu dhumateng sadaya kawontenan, pramila mugi Paduka paring pangapunten tiyang ingkang sami tobat, lan ndherek margi (Agami) Paduka, sarta mugi Paduka kapareng anjagi piyambakipun saking siksa Neraka Jahim.

رَبَّنَا وَسِعْتَ كُلَّ شَيْءٍ رَّحْمَةً وَعِلْمًا فَاغْفِرْ لِلَّذِينَ تَابُوا وَاتَّبَعُوا سَبِيلَكَ وَقِهِمْ عَذَابَ الْجَحِيمِ .

Rabbanaa wasi'ta kulla syai-in rahmatan wa 'ilman faghfir lilladziina taabuu wattaba'uu sabiilaka waqihim 'adzaabal jahiim.

Dnuh Pangeran kita, mugi Paduka karsa nglebetaken piyambakipun ing Suwarga 'Adn ingkang sampun Paduka janjekaken dhumateng piyambakipun makaten ugi dhumateng tiyang ingkang sami amal shaleh saking Bapak-Bapakipun, Simah-Simahipun, lan putra wayahipun. Saestu hamung Paduka ingkang Maha Mulya tur Maha Wicaksana.

رَبَّنَا وَأَدْخِلْهُمْ جَنَّٰتِ عَدْنٍ الَّتِي وَعَدْتَّهُمْ وَمَن صَلَحَ مِنْ آبَآئِهِمْ وَأَزْوَاجِهِمْ وَذُرِّيَّٰتِهِمْ إِنَّكَ أَنتَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ .

Rabbanaa wa adkhilhum jannaati 'adni(n)illatii wa'ad tahum waman shalaha min aabaaihim wa azwaajihim wa dzurriyyaatihim innaka antal 'aziizul hakiim.

رَبَّنَآ اَبْصَرْنَا وَسَمِعْنَا فَارْجِعْنَا نَعْمَلْ صَالِحًا اِنَّا مُوْقِنُوْنَ .

Rabbanaa absharnaa wa sami'naa farji'naa na'mal shaalihan innaa muuqinuun.

Dhuh Pangeran kita, mugi Paduka andadosaken kita sumerap lan mireng, pramila mugi Paduka amangsulaken (paring kalonggaran-kasempatan) saged amal shaleh malih, saestu kita sampun yakin.

وَعَافِنَا مِنْ كُلِّ بَلَآءِ الدُّنْيَا وَعَذَابِ الْاٰخِرَةِ بِحُرْمَةِ خَتْمِ الْقُرْاٰنِ.

Wa 'aafinaa min kulli balaa-id dun-yaa wa 'adzaabil aakhirati bihurmati khatmil qur-aan.

Lan mugi Paduka paring g kawilujengan ing kita saking sadaya bebaya Donya lan siksa Neraka ing Akherat, saking Berkah kamulyanipun (pahalanipun) khatam maos Quraan.

وَارْحَمْ جَمِيْعَ اُمَّةِ مُحَمَّدٍ بِحُرْمَةِ خَتْمِ الْقُرْاٰنِ .

Warham jamii'a ummati muhammadin bihurmati khatmil qur-aan.

Lan mugi Paduka paring Sih dhumateng ummat Muhammad, saking Berkah kamulyanipun (pahalanipun) khatam maos Quraan.

اَللّٰهُمَّ اجْعَلِ الْقُرْاٰنَ لَنَا فِى الدُّنْيَا قَرِيْنًا .

Allahummaj 'alil qur-aana lanaa fiddun-yaa qariinaa.

Dhuh Allah, mugi Paduka andadosna Quraan, dados mitra-darma kita sadanguning gessang ing ngalam Donya.

وَفِى الْقَبْرِ مُوْنِسًا .

Wa fil qabri muunisaa.

Lan dados panglipur ing 'alam Kubur.

وَفِى الْقِيٰمَةِ شَفِيْعًا .

Wa fil qiyaamati syafii'aa.

Lan dados safangat (pitulung) ing dinten Qiyamat,

وَعَلَى الصِّرَاطِ نُوْرًا .

Wa 'alash shiraati nuuraa.

Lan dados damar ing margi ingkang sumunar,

وَاِلَى الْجَنَّةِ رَفِيْقًا .

Wa ilal jannati rafiiqaa.

Lan dados mitra-darma wonten Suwarga,

وَمِنَ النَّارِ سِتْرًا وَحِجَابًا .

Wa minan naari sitran wa hijaabaa.

Lan dados aling-aling sarta tutup saking latu Neraka ingkang murub.

وَاِلَى الْخَيْرَاتِ كُلِّهَا دَلِيْلًا وَاِمَامًا

Wa ilal khairaati kullihaa daliilan wa imaamaa.

Lan dhumateng sadaya kasaenan, dadosa dhasar hukum pangadilan lan pandoming gesang bebrayan.

Sarana Berkah Kanugrahan Paduka, tuwin Kamirahan Paduka, punapa dene Kaloman Paduka, Dhuh Pangeran ingkang Maha Mirah Maha Asih.

بِفَضْلِكَ وَجُوْدِكَ وَكَرَمِكَ يَا اَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ .

Bifadhlika wa juudika wa karamika yaa arhamar raahimiin.

Dhuh Allah, mugi Paduka paring luber-ing raos manis saking saben-saben huruf (aksara) saking Quraan,

اَللّٰهُمَّ ارْزُقْنَا بِكُلِّ حَرْفٍ مِنَ الْقُرْاٰنِ حَلَاوَةً .

Allaahummarzuqnaa bikulli harfin minal quraani halaawatan

Lan kamulyan saking saben-saben kalimah saking Quraan,

وَبِكُلِّ كَلِمَةٍ كَرَامَةً .

Wa bikulli kalimatin karaamatan.

Lan sarana karaharjan saking saben-saben Ayat saking Quraan,

وَبِكُلِّ اٰيَةٍ سَعَادَةً .

Wa bikulli aayatin sa'aadatan.

Lan sarana karahayon saking saben-saben Surat saking Quraan

وَبِكُلِّ سُوْرَةٍ سَلَامَةً .

Wa bikulli suuratin salaamatan.

Lan sarana kanugrahan saking saben-saben Juz saking Quraan,

وَبِكُلِّ جُزْءٍ جَزَاءً .

Wa bikulli juz-in jazaa-an.

Mugi-mugi salawatipun Allah tetep kaparingna dhumateng Junjungan kita Nabi Muhammad s.a.w. makaten ugi para Kulawarga lan Sekabat-Sekabatipun sadaya,

وَصَلَّى اللّٰهُ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَاٰلِهٖ وَصَحْبِهٖ اَجْمَعِيْنَ

Wa shallallaahu 'alaa sayyidinaa muhammadin wa aalihii wa shahbihii ajma'iin.

Maha Suci Pangeranira, Allah ingkang Maha Mulya saking sadaya ingkang dipun sifataken dening para manungsa.

سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُوْنَ .

Subhaana rabbika rabbil 'izzati 'ammaa yasifuun.

Sarta kasugengan mugi tetep kaparingna dhumateng para Andika Rasul,

وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِيْنَ .

Wa salaamun 'alal mursaliin.

Ing wasana sadaya Puji kagungan dalem sajagat-Rat pramudita.

وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ

Walhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin.

Amin !

KATARANGAN SAWATAWIS INGKANG WIGATOS MURAKABI

BAB I. KITAB SUCI AL QURAAN.

1. Tatakrami maos Al Quraan.

Sabda pangandikanipun Allah SWT punika synonym kalayan kitab Al Quraan, isi bobotipun sampun boten mamang malih bilih kaleresanipun saking ngarsanipun Allah, jejer fungsinipun dados pitedah tumrap tiyang-tiyang ingkang taqwa ing Allah, makaten kasebat ing Surat Al Baqarah, ayat no.2.

Menggah tatakrami maos Al Quraan, prayogi katindakaken makaten:

a. Langkung rumiyin wudhu' kados manawi badhe Sholat, nyepeng Quraan sarana asta tengen, ageman lan papan ingkang resik-gasik, lajeng kacepeng dening asta kalih. Wonten ndalem, langgar, musholla lan wonten ing Masjid langkung utami.
b. Ngadhep ing Qiblat, lenggah ingkang jatmika, khusyu', sarta ageman ingkang pantes. Sampun sinambi ngemut sekar gendhis, punapa dene dahar-ngunjuk. Asikepa mental bawarasa kaliyan Ingkang Maha Kuwaos.
c. Langkung rumiyin maos Ta'awwudz, lajeng maos Bismillahirrahmanir Rahiim, ingkang tumuju nyirnakaken pengaruhing syetan, supados panggalih tentrem, anteng, lan rumesep pating trecep wonten manah sanubari.
d. Ingkang prayogi suwantenipun sacekap, sarwa madyasta, boten bengak-bengok, tur saking raos aris, alon-alon ananging cetha, punika ingkang kawastanan tartiil.
e. Syukur kagungan suwanten endah tur merdu, lan prayogi sarana lagu ingkang menarik ngagesang taqwa wonten ing marcapada.
f. Kagem sadherek ingkang sampun mangertos ma'na-jarwinipun Quraan, maosipun kedah ngemu kekiyatan kalih dimensi, satunggal mangertos isi tegesipun, kalih saged mbabaraken amal kasaenan.
g. Maos Quraan kedah mandheg ing akhir ayat, sampun kaseselan lan kapedhot ngendikan sanes, saestu punika amedhot ayat ateges nerak ing kasusilan maos Quraan.

2. Definisi Al Quraan:

Inggih punika Kalaamullah ingkang jejeripun dados mu'jizat, ingkang dipun paringaken dados Wahyu-Allah dhumateng Kanjeng Nabi Muhammad saw., sarta sintena kemawon maos Quraan punika 'ibadah naminipun.

(Definisi Al Quran) kasebat saged kajlentrehaken makaten:

Wahyu-Allah punika awujud kaidah-kaidah saking ngarsa dalem Allah SWT asipat universil, sarta abadi, adil, cocok kaliyan fitrah-tumitahing Manungsa, pitedahipun sarwa mythos ingkang kaya ing tuladha, utawi anggeran umum ingkang nenuntun sarta paring pralambanging proses masyarakat. Dhumateng individu ambangun gesang taqwa, tumuju dhumateng masyarakat anyampurnakaken budi-pakerti luhur, sarta budi-budaya Manungsa paripurna.

Wahyu-Allah punika gampil dipun mangertosi tiyang 'awam, man in the street, ananging kadhang kala boten gampil dipun fahami dening para Sarjana linuwih.

Pramila mangga sami kita kritik piyambak tandang dameling rasionil kita manungsa, sarana pepadhang saking Nur-Ilahy-Rabby.

3. Tehnis tumurunipun Al Quraan.

Mugi kawuningana bilih Wahyu, Sabda Pangandikanipun Gusti Allah, ingkang sapunika sampun kabendhel dados satunggal Kitab, punika dhuk jaman rumiyin tumurunipun, mbaka sakedhik, amiturut kondisi masyarakat sarta situasi bebrayanipun manusiawi, boten golong-golong wetah sak Kitab dhawah saking Langit, boten.

Wiwitan tumurunipun Wahyu, inggih punika surya kaping 17 Ramadlan, 41 Tahun Fil, kaleres tanggal 6 Agustus Tahun 610 Masihi, wonten ing salebeting Guwo Hira' ing Jabal Nur, 12 mil saking kitha Mekkah, inggih punika ayat "Iqra bismi rabbikal ladzii khalaq, khalaqal insaana min 'alaq, iqra' wa rabbukal'akram, alladzii 'allama bil qalam , 'allamal 'insaana maa lam ya'lam", menggah Jarwanipun: "He, Muhammad, sira macaa kalawan nyebut asamaning Allah Pangeranira kang wus anitahake sakabehing makhluk; Panjenengane wus anitahake manungsa saka getih kang kenthel; Muhammad, sira macaa lan Allah Pangeranira iku Maha Mulya; Kang mulangake nulis nganggo kalam; Mulang marang para manungsa barang kang durung padha diweruhi; surat Al 'Alaq, ayat 1-5.

Dene Wahyu ingkang pungkasan, inggih punika katiti mangsa tanggal 9 Dzulhijjah, tahun 10 Hijriyaj, sasampunipun nindakaken wuquf ing 'Arafah, Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. pidato ingkang akhir, utawi "Khuthbatul Wada'", 140.000 jemaah Hajji sami ninglingaken, lan sami kraos trenyuh, wonten sasmita manawi sakedhap malih Nabi Muhammad s.a.w. badhe seda.. Khuthbah wau isi-maksudipun: ndunungaken bilih ummat Islam punika sadherek satunggal, pribadi, kaprawiran, kahormatan, arta-kekaya punika kareksa hak kamardikanipun, boten kenging dipun ganggu dening ngasanes, kados dene kamulyan, kareksa hak kamardikanipun Dinten Riyadi Hajji ing dinten wau ing Mina. Kaping kalih, tiyang jaler lan simahipun punika kagungan hak lan kuwajiban piyambak-piyambak ingkang wajib dipun tetepi. Kaping tiga, supados tiyang Islam sajagad-raya kenceng nyepeng pedhoman Quraan lan Hadits Nabi, supados boten kesasar marginipun ngagesang Donya dumugining Akheratipun..

Bakda makaten lajeng tumurun ayat pungkasan: "Al yauma 'akmaltu lakum dinakum wa'atmamtu 'alaikum ni'matii waradhiitu lakumul 'islaama diina", menggah Jarwanipun: "Ing dina iki Ingsun wus nyampurnake Agamanira kanggo sira kabeh, lan Ingsun wus nyukupake kanggo sira kabeh paring Ingsun kani'matan, sarta Ingsun wus ridla Islam minagka dadi Agamanira", surat Al Ma'idah, ayat no 3.

Aksara-aksara Hijaiyyah, ing salebeting Quraan punika kawastanan "Fawaatihus Suurah", tegesipun Bebuka Surat, mangga kula aturi mirsani ing: 1. Al Baqarah, 2. Ali 'Imran, 3. Al A'raf, 4. Yunus, 5. Hud, 6. Yusuf, 7. Ar Ra'd, 8. Ibrahim, 9. Al Hijr, 10. Maryam, 11. Thaaha, 12. Asy Syu'araa', 13. An Naml, 14. Al Qashash, 15. Al 'Ankabut, 16. Ar Ruum, 17. Luqman, 18. As Sajdah, 19. Yaasin, 20.Shaad, 21. Al Mu'min, 22. Fushilat, 23. Asy Syuuraa, 24. Az Zukhruf, 25. Ad Dhuhaa, 26. Al Jaatsiyah, 27. Al Ahqaaf, 28. Qaaf, dan 29. Al Qalam.

Cacahipun Surat wonten 114 iji, nami-naminipun, wates-watesipun sarta ayat-ayatipun punika lugu andherek Kanjeng Rasul saw., tegesipun tauqify :

a. Assab'uthithiwaal, inggih punika Surah pitu ingkang panjang :Al Baqarah, Ali 'Imran, An Nisaa', Al A'raf, Al An'am, Al Maa-idah lan Yunus.

b. Al Mi'uun , Surat ingkang isinipun satus ayat utawi langkung: Hud, Yusuf, Mu' min lan sanes-sanesipun.
c. Al Matsaani, Surat ingkang isinipun kirang sakedhik saking satus ayat: Al Anfal, Al Hijr, lan sanes-sanesipun.
d. Al Mufashshal, Surat ingkang ringkes: Ad Dhuhaa, Al Ikhlak, Al Falaq, An Naas, lan sanes-sanesipun.

Ayat-ayat Makkiyah: umumipun celak-celak, anerangaken babagan Iman, pangebang adamel bingah, pepacuh adamel giris, babad arkeologis zaman kina ingkang isi tepa palupi, pambinaan mental spirituil, panggula wenthah pendidikan, sarta pangitik-itik pangajaran. Sebab ringkesing sistem Makkiyah punika data anedahaken 19/30 saking isi Quraan angemot 4.780 ayat.

Ayat-ayat Madaniyah: umumipun panjang-panjang, lan isi kasus-kasus hukum sosial, hukum ekonomi, hukum perang, hukum damai, hukum internasional, hukum syari'at agama, sarta data anedahaken 11/30 saking isi Quraan angemot 1.780 ayat.

Nami-naminipun Al Quraan:
a. Al Kitab utawi Kitabullah, synonym kaliyan tetembungan Al Quraan, kados ingkang kasebat ing surat Al Baqarah.
b. Al Furqan utawi Pambeda, tegesipun ingkang ambedakaken kaleresan lan kabatilan, kados ingkang kasebat ing surat Al Furqan.
c. Adz Dzikr tegesipun Pepenget-wigatos, kados ingkang kasebat surat Al Hijr.

4. Rumeksa kamurnianipun Al Quraan.

Wiwit zamanipun Kanjeng Nabi s.a.w. piwucal Islam sumiyar ing masyarakat Arab punika taksih kathah ingkang buta-sastra, sarta kertas dereng wonten. Ingkang saged nyerat lan maos, nyeratipun wonten papah kurma, wacucal hewan, balung peksi, sabak alus saking sela, ron-ronan lan sanes-sanesipun. Sakbadanipun Kanjeng Nabi s.a.w. seda, ummat Islam naklukaken Persia nembe piyambakipun kenal kertas kangge nyerat sarta pirantosipun, ingkang kawastanan „kaghid".

Ing zaman Khalifah Utsman r.a. para Sahabat sami bendheng ceweng anamekaken Al Quraan, pungkasaning rembag sami setuju dipun wastani "Al Mushhaf" ingkang tegesipun lembaran-lembaran ingkang sinerat..

Bangsa Arab sebab dereng kathah ingkang saged maos lan nyerat, anggenipun sami memetri kasusastraning Syair-Syair Arab dipun apalaken sarana lagu-lagu, ingkang langgam sarta dialekipun warni-warni, meh saben Kabilah gadhah kepribaden piyambak-piyambak.

Wonten ing wiwitan zamanipun Kanjeng Nabi s.a.w. nampi Wahyu, Panjenenganipun dhawuh supados dipun apalaken, sarta saben nindakaken Sholat kedah dipun waos, lan dhawuh khusus dhumateng para Sahabat ingkang punjuling apapak supados nyerat, upaminipun Sahabat Zaid bin Tsabit dados sesepuhipun panitia ad hoc, anggauta-anggautanipun Sahabat Abdullah bin Zubair, Zaid bin 'Ash, lan Abdurrakhman bin Harits bin Hisyam.

Dene pelopor peloporipun ingkang celak wekdal samanten, sahabat Ali bin Abi Thalib, Utsman bin 'Affan, Ubay bin Ka'ab, Zaid bin Tsabit, sarta Ma'awiyah.

Sacara praktis ingkang sami nyerat Wahyu punika wonten tigang cara:
1. Tiyang-tiyang kathah sami ngapalaken Al Quraan,
2. Naskah-naskah ingkang dipun serat punika khusus kagem Kanjeng Nabi s.a.w.

3. Naskah-naskah ingkang dipun serat dening Panyitra wau kagem dokumentasi piyambak-piyambak.

Cara tetiga ingkang memetri sarta anjagi murni lestarinipun Al Quraan, ugi wonten malih cara khusus, inggih punika rawuhipun Malaikat Jibril a.s. njujug dhateng Kanjeng Nabi s.a.w., wungsal-wangsul damel jenderal-repetisi, langkung-langkung salebeting dalu wulan suci Ramadlan.

Wonten zamanipun Khalifah Abu Bakar Ash Shiddiq r.a. kadados tragis, inggih punika kathah para Qurra' (ahli maos Quraan) lan Hurradz (ingkang sami hafal Quraan) sami wafat ing peperangan Yamamah. Pramila sayyidina 'Umar bin Khaththab atur pamrayogi dhumateng Khalifah supados enggal ingkang sami nyerat dipun dadosaken satunggal, dipun klempakaken wonten Pimpinan satunggal, inggih punika sintena kemawon ngasta pusaraning praja dados Khalifah.

Kados kasebat nginggil sahabat Zaid bin Tsabit tansah tumandang nglempakaken dados satunggal, sarta dipun urutaken sadaya Surah saking ayat-ayatipun, lembaran-lembaran dipun tangsuli benang alus, persis kados tuntunan praktis saking Kanjeng Nabi s.a.w. piyambak. Sasedanipun Khalifah Abu Bakar r.a. Mushhaf wau dipun simpen dening Khalifah 'Umar bin Khathathab r.a. ngantos dumugi sedanipun, lajeng dipun simpen dening putra-putranipun Hafsah.

Wonten ing zamanipun Khalifah 'Utsman r.a. Agama sarta wilayah Islam sampun dumugi ing Armenia lan sisih wetanipun Azerbaijan, sarta sisih kilen Tripoli. Ing wilayah-wilayah wau waosan Al Quraan tambah ngrembaka ing masyarakat, ugi wonten Mesir, Afrika, Syria, Irak lan Persia (Iran).

Golongan-golongan kasebat ing telatahipun piyambak-piyambak sami nggadhai cathetan Al Quraan ingkang boten sami susunan Surah, sarta dialekipun suku-suku bangsa wekdal samanten warni-warni. Ketua panitia ad hoc Zaid bin Tsabit lajeng tumandang damel malih, saged hasil nyatunggalaken dialek saking basa Arab suku Quraisy, dipun serat rampung dados gangsal Mushhaf. Kakintun dhumateng Makkah, Syria, Basrah, lan Kaufah. Ingkang satunggal dipun simpen ing Madinah (ibu kota) wonten astanipun Khalifah 'Utsman r.a. piyambak. Inggih Mushhaf punika misuwur ing Jagad-Raya lan dipun wastani "Mushhaf Al Imam", lan inggih saking baboning Mashhaf 'Utsmany punika ingkang sapunika dipun cethak lan sumiyar ing saindhening Bawana.

Tetela sanget Gusti Allah anetepi janjinipun kados kaweca ing Quraan: „Sanyata Ingsun wus anurunake Al Quraan, lan sanyata Ingsun uga kang tetep anjaga", makaten kasebat ing Surat Al Hijr, ayat no.9.

5. Riwayat para Andika Nabi ing salebeting Al Quraan

1. Nabi Adam : Al Baqarah ayat 29 - 39, Al A'raf ayat 11 - 12, Thaha ayat 116 - 117, Al Isra' ayat 61 - 65, Al Hijr ayat 28 - 43, Shaad ayat 71 - 75, Fushshilat ayat 9 - 12, Al Maa-idah ayat 31 - 35.
2. Nabi Idris : Maryam ayat 56, Al Ambiya' ayat 85.
3. Nabi Nuh : Ali 'Imran ayat 33, An Nisaa' ayat 163, Al An'am ayat 84, Al Anfal ayat 59 - 64, Yunus ayat 71 - 73, Huud ayat 25 - 49, Al Ambiya' ayat 76 - 77, Al Furqan ayat 38, Asy Syuraa ayat 105 - 122, Al 'Ankabut ayat 14 - 15, Ash Shaffat ayat 71 - 83 Nuh ayat 1 - 28, Al Qamar ayat 23 - 31, Al Mu'min ayat 5-6.
4. Nabi Hud : Al A'raf ayat 65 - 72, Huud ayat 50 - 60, Asy Syu'araa ayat 123 - 140.

5. Nabi Shaleh : Huud ayat 61 - 68, Al A'raf ayat 73 - 79, Asy Syu'araa ayat 141 - 159, An Naml ayat 45 - 53, Al Qamar ayat 23 - 31, Asy Syams ayat 11 - 15.
6. Nabi Ibrahim : Al Baqarah ayat 260, Az Zukhruf ayat 26 - 28, Al An'am ayat 74, At Taubah ayat 114, Maryam ayat 41 - 48, Asy Syuraa ayat 69 - 102, Al 'Ankabut ayat 16 - 24, Ash Shaffat ayat 97 - 99, Al Baqarah ayat 258, Al An'am ayat 76 - 83.
7. Nabi Luth : Al A'raf ayat 80 - 84, An Naml ayat 54 - 58, Huud ayat 77 - 83, Al 'Ankabut ayat 26 - 35, Asy Syu'araa ayat 160 - 175, Al Hijr ayat 57 - 77, Ash Shaffat ayat 133 - 138, Al An'am ayat 86, Al Ambiya' ayat 74 - 75, Al Hajj ayat 43 -44, Qaf ayat 13 - 44, Al Qamar ayat 33 - 39.
8. Nabi Isma'il : Ibrahim ayat 35 - 38, Ash Shaffat ayat 102 - 113, Al Baqarah ayat 125 - 129, Al Hajj ayat 26, Ali 'Imran ayat 84.
9. Nabi Is-hak : Huud ayat 71, Al Baqarah ayat 133 - 140, Ali 'Imran ayat 84, Ash Shaffat ayat 112 - 113, Shaad ayat 45.
10. Nabi Ya'kub : Yusuf ayat 1 - 104.
11. Nabi Yusuf : Yusuf 103 - 104, Al Mu'min ayat 34, Shaad ayat 30 - 40, Al Ambiya' ayat 79.
12. Nabi Ayyub : Shaad ayat 41 - 44, Al Ambiya' ayat 83, Al An'am ayat 84.
13. Nabi Syu'aib : Al A'raaf ayat 75 - 93, Huud ayat 84 - 95, Asy Syu'araa ayat 176 - 191, Al Baqarah ayat 67 - 73, Al 'Ankabut ayat 36 - 37.
14. - 15. Nabi Musa lan Nabi Harun : Yunus ayat 75 - 92, An Naml ayat 7 - 14, An Nazi'at ayat 15 - 26, Huud ayat 96 - 101, Ibrahim ayat 5 - 8, Al Mu'minun ayat 45 - 48, Al Isra' ayat 101, Al Kahfi ayat 60 - 83, Al Baqarah ayat 67 - 73.
16.. Nabi Ilyasa : Shaad ayat 30 - 48.
17. Nabi Zulkifli : Al Ambiya' ayat 85, Shaad ayat 48.
18. Nabi Daud : Shaad ayat 21 - 26, Al Baqarah ayat 251.
19. Nabi Sulaiman : Al An'am ayat 84, Al Ambiya' ayat 81 - 82, Saba' ayat 12 - 14, An Naml ayat 15 - 44, Al Baqarah ayat 102, An Nisaa' ayat 156 - 159, Al Maa-idah ayat 109 - 120, Al Hadid ayat 26 - 27, At Taubah ayat 111.
20. Nabi Ilyas: Al An'am ayat 85, As Shaffaat ayat 123.
21. Nabi Nabi Yunus: As Shaffaat ayat 139 - 158, Al Ambiya' ayat 87 - 88, Al An' am ayat 86 - 87, Yunus ayat 98, An Nisa' ayat 156,
22 - 23 Nabi Zakariya lan Nabi Yahya: Maryam ayat 1 - 15,
24. Nabi 'Isa Al Masih: Maryam ayat 16 - 34, Al Baqarah ayat 87, Ali 'Imran ayat 45 - 60,
25. Nabi Muhammad s.a.w.: As Shaffat ayat 6, Ali 'Imran ayat 144, Al Ahzab ayat 40, Al Fat'h ayat 29, Muhammad ayat 2, Al Ambiya' ayat 107.

6. Mushhafusy Syarif saking edisi Pakistan.

Mushhafusy Syarif ingkang jangkep 30 Juz punika kula reprodeksi saking Mushhaf babaran tahun 1354 Hijriyyah, utawi 1935 Miladiyah. Makaten ugi idzin terbit saking Pusat Penelitian dan Pengembangan Lektur Keagamaan Lajnah Pentashih Mashaf Al Quraan, DEPARTEMEN AGAMA R.I., Jakarta.

7. Sujud Tilawah.

Ing saben-saben kita maos Quraan ing ayat-ayat Sajadah, dipun sunnataken Sujud Tilaawah, kados kasebat ing ngandhap punika: 1. Surat Al A'raaf ayat 206, 2. Ar Ra'd ayat 15, 3. Surat An Nahl ayat 50, 4. Surat Bani Israil ayat 109, 5. Surat Maryam ayat 58, 6. Surat Al Hajj ayat 18 lan ayat 77, 7. Surat Al Furqaan ayat 60, 8. Surat An Naml ayat 26, 9. Surat As Saj dah, ayat 15, 10. Surat As Shad ayat 24, 11. Surat Al Haa Mim ayat 38, 12. Surat An Najm ayat 62, 13. Surat Al Insyiqaa ayat 21, 14. Surat Al'Alaq ayat 19..

Dene waosanipun Sujud Tilawah inggih punika: "Sajada wajhii lilladzii khalaqahu wasyaqqa sam'ahu wabasharahu bihaulihi waquwwatihi". (Riwayat Tirmidzi). Artosipun: "Kula sujud dhumateng ngarsaning Allah ingkang nitahaken kula, Gusti Allah ingkang ambikak pamireng sarta paningal sarana Panguwaosipun".

BAB II. RUKUN ISLAM.

Dhawuhing Hadits, kariwayataken dening Imam Muslim, saking sayyidina 'Umar bin Khattab, Rasulullah saw. ngandika: "Mungguh kang diarani Islam, iku sira neksenana yen satemene ora ana pepundhen kajaba mung Allah, lan sanyata Nabi Muhammad iku Utusaning Allah, lan ngedegna Shalat, lan bayara Zakat, lan puwasa sasi Ramadhan, apa dene sira lunga Haji ing Baitullah, manawa sira kuwasa dedalane".

Dados tetela rukuning Islam gangsal prakawis punika awawaton Hadits, kados kasebat ing nginggil. Pramila wajib tumrap sadaya tiyang Mukallaf (ingkang pinerdi) wajib sami nyinau sarta nglampahi rukun Islam wau. Lan tumrapipun para Sepuh (wali) utawi Guruning lare, wajib memulang lan nglelatih anak-anakipun utawi murid-muridipun ingkang sampun ngancik umur 7 tahun, bab rukun Islam wau, punapadene kedah nyrengeni utawi anggitik ing lare-lare wau, manawi sampun umur 10 tahun boten purun nindakaken. Perlunipun supados ing tembe samangsa lare wau ngancik Baligh (dewasa), sasampuna saged sarta kulina nindakaken rukun Islam wau, ingkang pancen sampun dados kuwajibanipun. Wondene manawi wonten tiyang ingkang ambalela boten purun nglampahi rukun Islam wau, punika tetep nama tiyang kafir cilaka, artosipun, tiyang ingkang sasar boten angsal pitedahing Allah Ingkang Maha Mulya. Salajengipun, wonten ing Donya lan pasrawunganing ngagesang, boten badhe pikantuk hak katetepanipun hukum Islam; tegesipun manawi dumugi ing janji (pejah), mayitipun boten kenging kaupakara kados dene tetiyang Islam, boteng kenging ka-Shalataken, boten kenging kakubur ing pakuburanipun tetiyang Islam, lan boten kenging kadongakaken sae, sinapura dosane, tinarimaha 'amale sapiturutipun. Lan benjing wonten ing Akherat badhe kapatrapan siksa ingkang ageng, kacemplungaken ing Naraka Jahannam langgeng!

Dhawuhing Al Quraan: "Sapa kang kinarsakake dening Allah arep pinaringan pituduh, mesthi Allah jembarake dhadhane (atine) lega kanggo nampa Agama Islam. Lan sapa kang kinarsakake bakal kasasarake, mesthi Allah andadekake dhadhane (atine) rupeg tur ngrekasa kanggo nampa Agama Islam mau, nganti kaya-kaya diajak munggah ing Langit; Kaya mangkono Allah agawe rereged utawa siksa marang wong kang ora padha gelem mu'min. Lan Agama Islam iki, dadalane Pangeranira kang bener. Sanyata Ingsun wus mijangake ayat pirang-pirang mungguhe wong kang padha gelem ngangen-angen.

Dheweke ana ing ngarsaning Pangeran, bakal padha oleh omah (papan) kaslametan. Lan PanjenengaNe bakal ngayomi dheweke, marga anggone wus padha nindakake kabecikan". (Surat Al An'am 125 - 127).

"Apa wong kang diparingi jembar dhadhane dening Allah, lega kanggo nampa Agama Islam, lan dheweke mau manut Agama Islam, lan dheweke mau manut pepadhang saka Pangerane, iku padha karo wong kang atos atine? Sanyata, siksa Wel (kacilakan) bakal kapatrapake marang wong kang padha atos atine kanggo eling ing Allah. Dheweke mau tetep ana ing panasaran kang cetha (gedhe)." (Makaten Surat Az Zumar : 22).

1. Syahadat Kakalih.

Tegesipun Syahadat Kakalih, punika paseksen kakalih. Artosipun nekseni kalih prakawis : 1. Nekseni sarta ngakeni dhateng satunggaling pepundhen (Allah punika namung satunggal, boten wonten ingkang ngancani, utawi nyameni, ingkang sineja, boten peputra lan boten pinutrakaken sarta boten wonten ingkang mbandhingi). 2. Nekseni sarta ngakeni dhateng kautusipun Kanjeng Nabi Muhammad, Nabining Jagadrat, saha dados Panutaning ummat. Menggah lafalipun makaten : „Asyhadu allaa ilaaha illallaah, Wa asyhadu anna muhammadarrasuulullaah", ingkang artosipun : Kula nekseni, saestu boten wonten pepundhen, kajawi namung Allah. Lan kula nekseni, saestu Kanjeng Nabi Muhammad, punika Utusanipun Allah.

Kalimah Syahadat punika wajib dipun ucapaken sarta dipun tekadaken dening tetiyang Mukallaf (pinerdi) ingkang badhe ngrasuk Agami Islam, lan dening tetiyang Islam piyambak, saben-saben nindakaken Shalat, inggih punika wonten ing Tahiyat.

Lan Syahadat Kakalih wau, minangka ingkang nyambet antawisipun 'amal ingkang lahir lan ingkang batin (Islam lan Iman). Dene Iman punika padamelanipun manah, lan Syahadat wau padamelanipun lesan tuwin manah. Dados ing riki gathuk antawisipun 'amal lahir lan batin. Lan Syahadat Kakalih wau, sae lan ageng sanget ganjaranipun, dipun waos wongsal-wangsul, supados rumasuk wonten ing manahipun.

2. Ibadah Shalat.

Asal ma'nanipun tembung Shalat punika donga. Dene ingkang dipun karsakaken menggahing Agami (Syara') inggih pandamel tuwin wawaosan sarta donga ingkang sampun tartamtu, dipun wiwiti sarana Takbiratul-ikhram lan dipun pungkasi mawi Salam. Shalat wau kadhawuhaken nalika Kanjeng Nabi saw katimbalan sowan Mi'raj wonten ing pangayunaning Pangeran.

Shalat wau kados ingkang sampun kapraktekaken, dados rukun utawi paugeranipun Islam ingkang baku wonten ing Quraan lan Hadits kadhawuhaken sarana kenceng sanget, sanajan wonten ing wekdal ingkang pakewet, boten kenging babarpisan badhe kalirwakaken, ngantos wonten madyaning perang campuhing palagan, punapa malih namung seminar, rapat punapa konggres, Shalat wajib katindakaken, sabab punapa? Sabab punika dhawuh wajib saking ngarsaning Allah Ingkang Maha Asih!

'Ibadah ingkang peng-pengan lan sampurna, inggih Shalat punika! Jalaran Shalat punika nandukaken kekiyatan tetiga Manah, Lesan tuwin Tenaga. Dene peng-penganipun, sabab ganjaranipun ageng sanget, sarta kathah hikmahipun, ing jiwa raga, punapa malih benjing ing dinten Akherat badhe katimbalan katiti priksa dening Allah SWT ingkang wiwitan. Manawi sae Shalatipun, badhe hasil sae ugi amal-amal sanes-sanesipun!

Tumraping ruhani, Shalat wau saged ngresiki manah saking dosa lan saged nuceni nafsu saking watak nistha, punapa dene nyantosakaken iman wonten ing-manah, salajengipun badhe saged ngalusaken sarta ngluhuraken bebuden, saged nuwuhaken pakerti sae saha nyirnakaken watak awon; lan badhe saged nggampilaken dhateng 'amal kasaenan tuwin nebihaken saking tindak saru utawi lampah awon. Pramila Shalat punika supados ingkang Khusyú', konjem lan mantheng manahipun anggenipun ngadhep sowan ing ngarsanipun Allah Pepundhen Ingkang Mahaagung Mahaluhur lan Mahakawasa, saperlu ngaturaken puji syukur sarta pangadhuh tuwin panuwun ing ngarsanipun!.

Dhuh para sutrisna, Shalat punika ugi katindakaken dening sadaya titah ingkang wonten ing Langit lan Bumi, manawi sampun wayah bangun inggih punika wancinipun Fajar sampun mlethek, ingkang tinengeran ing Lintang-Rina ingkang manther cahyanipun, gumebyar lahir ing bang-bang wetan, anelakaken bilih Surya sampun badhe katingal anggelaraken sorotipun kangge madhangi Jagad ingkang peteng. Ing wekdal punika Gusti Allah Maha Asih nurunaken swasana ingkang resik wonten ing Jagad, kangge dhasaring gesang lan kasarasan, pating trecep raosipun wonten ing badan. Ing riku sadhengahing kekajengan utawi wit-witan ingkang mawa woh lan sesekaran, sami tangi anjenggelek angegaraken ron-ron tuwin angkupipun, ngrembuyung ijem riyu-riyu sarta mawi ambabar woh utawi sekar ingkang mekar mekruk-mekruk, nggambret gandanipun wangi arum, tur indah rupinipun sarta asri sasawanganipun, ingkang nyihnakaken Mahasampurna saha Mahaagungipun Gusti Allah Ingkang Mahakawasa Pangeran ingkang nitahaken. Ingkang makaten wau sarwi sami memuji ing Allah, sarta anggigah dhateng titah sanes-sanesipun ingkang mawa nyawa, pamuji sarta panggigahipun wau sarana atur swanteningkang galik-galik nglangut, rinengga swantening toya mili saking tukipun, sarta badhe sumilaking Cakrawala ingkang sumamburat sanginggiling Samudra, swanten margasatwa kalawan sajak mengku suraos: Allahu Akbar, Allahu Akbar, Aku nekseni, Sanyata ora ana pepundhen, kajaba mung Allah, lan aku nekseni, sanyata Andika Nabi Muhammad iku UtusaNe Allah!

Ing sanalika ngriku, sakathahing beburon alas, Singa-barong, Sima, Liman Kidang, Menjangan, Jarapah sapanunggilanipun, punapa dene Ayam, Peksi sawarninipun, saha sarupining kewan: Maesa, Lembu, Menda sasaminipun, lajeng sami tangi njawab nanduki pamuji wau, sarana lesan sarta tembungipun piyambak-piyambak (amung para Pujangga ahli syair ingkang saged nirokaken!), menggah Pujangga ahli Tauhid pangalembana wau isi suraos :Alhamdulillaahil ladzii ahyaanaa ba'da maa amaatanaa wa ilaihin nusyuur!. Ingkang jarwinipun :Sadaya pangalembana mugi kunjuk kagunganipun Allah Ingkang sampun paring gesang ing kula, sasampuning kula pinaringan pejah, lan wusananipun badhe kasowanaken ing ngarsaNipun.

Kados makaten wau ngantos dumugi seraping Surya, tumunten sami ngaturaken puji syukur malih dhumateng Allah Ingkang Mahamulya Gusti Ingkang peparing, lajeng sami mlebet panggenanipun piyambak-piyambak mapan tilem. Sadaya wau manawi kasandhunging rata kabentusing tawang, amanggih sangsara, boten lajeng musyrik utawi anggresula sesambat wadul mrika-mriki, nanging tetep manahipun, sabar tawakkal ing Allah, nyenyadhong Sih-kawelasaNipun : Yaa hayyu Yaa qayyuum! Birahmatika astaghiits, ingkang jarwinipun Dhuh Pangeran Ingkang Sugeng! Dhuh Pangeran Ingkang Jumeneng-Pribadi, kula nyuwun pitulung sarana Sih Tuwan!".

Makaten tindaking sadaya titah ing Ngarcapada, dene tumindaking para Manungsa makaten :

Syarat rukunipun Shalat inggih punika: 1. Suci badanipun saking hadats (kekotoran ingkang samar ingkang dados sabab lan njalari boten sahipun 'ibadah Shalat, dene sababipun: 1. medaling barang punapa kemawon saking salah satunggaling margi kalihpesaron, 2. Saresmi, 3. Icaling akal margi tilem, mendem utawi sakit, 4. Nggepok salah satunggaling margi kalih wau sarana epek-epek lan suci badanipun saking najis (kekotoran bangsa lahir, kados dene sesuker lan turasipun tiyang utawi kewan, rah, nanah, utah-utahan, ilunipun segawon, Dene bangke sanesipun manungasa, walang lan ulam loh, inggih najis. (makaten ugi bathang babi lan andhapan). 2. Suci pangangge lan papanipun saking najis. 3. Nutupi 'aurat pesaron (tumrap tiyang jaler sakedhikipin nutupi antawisipun puser lan dhengkul, tumrap tiyang estri sadaya badanipun kajawi rahi lan epek-epekipun kalih) sarana pangangge ingkang rapet. 4. Manjing wekdalipun. 5. Ngener qiblat (tumrap tanah Jawi, mangilen radi menceng mengaler kinten-kinten 25 derajat).

Caranipun nuceni hadats wonten warni kalih: 1. Hadats ageng lan 2. Hadats alit. Hadats ageng inggih punika jalaran mentas rampung nggrap-sari, mentas saresmi lan medaling nutfah (kama).

Dene caranipun nuceni hadats wonten warni kaiih 1. Hadats ageng wau kedah siram ingkang ngantos waradin (sakujur wiwit pucuking rekma dumugi dlamakan). Wondene hdats alit punika ingkang kasebabaken dening sadaya ingkang sampun kasebat ing nginggil. caranipun nyuceni sarana wudhu. Dene patrapipun wudhu punika makaten:

1. Masuh epek-epek kalih kanthi maos: Bismillahirramanirrahim.
2. Kemu sarta ngisep toya ing irung rambah kaping tiga. Nalika kemu kaliyan nggosoki waos.
3. Masuh rahi, kasarengaken lan niyat ing slebeting manah sumedya wudhu, sarta kakosokana ingkang resik ambal kaping tiga.
4. Masuh tangan kalih dumugi sanginggiling sikut sarta dipun kosoki ingkang resik; ing sasela-selanipun driji ugi karesikana, rambah kaping tiga.
5. Ngusap sirah, wiwit embun-embunan dumugi githok, lajeng ngusap talingan kalih ing jawi lan lebetipun.
6. Masuh suku kalih dumugi nginggil kemiri, sarana dipun kosoki ingkang resik, ing antawising driji kaselan-selanana.

   Poma, tungkakipun sampun ngantos boten dipun wasuh utawi boten resik, sarta katindakaken kanthi urut kados ingkang kasebat!

Nyuceni najis punika kedah ngangge toya ingkang resik inggih punika toya ingkang dereng ewah lan dereng kangge nyuceni hadats utawi najis. Najis ingkang dipun suceni wau kedah ical bleger lan wewujudanipun, ical warni, ganda, dalah raosipun: manawi rekaos, icaling salah satunggaling ganda utawi sipatipun inggih sampun cekap. Yen najising babi sasaminipun resik kasirama kaping pitu lan salah satunggalingipun kacampurana endhut (lebu).

Donga ba'da wudhu sarana ngangkat asta madhep qiblat sarta maos:

1. Saestu kula pitados boten wonten Pangeran ingkang sinembah, kajawi namung Gusti Allah; lan boten wonten ingkang nyekuthoni. Sarta kula anekseni bilih Nabi Muhammad punika kawula lan Utusanipun Gusti Allah.

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ
وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ
أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ.

Asyhadu allaa ilaaha illallah, wahdahu laa syariikalahu, wa asyhadu anna Muhammadan 'abduhuu warasuuluh.

2. Dhuh Gusti Allah Pangeran kawula, mugi andadosna ing kawula saking golonganipun tiyang ingkang sami tobat lan dados golongan ewonipun tiyang suci-suci. !

اَللّٰهُمَّ اجْعَلْنِي مِنَ التَّوَّابِيْنَ
وَاجْعَلْنِي مِنَ الْمُتَطَهِّرِيْنَ

Allaahummaj'alnii minat tawwaabiin, waj'alnii minal mutathahhiriin.

Pratikelipun Shalat.

Menggah pratikelipun Shalat punika makaten :

Sasampunipun tumindak sadaya syarating Shalat, lajeng wiwit mapan kados gambar 1, kanthi ngeningaken manah ngemungna madhep ing ngarsanipun Gusti Allah; paningal katujokna leres papan sumelehing bathuk. Ing salebeting manah kumrentegna lan niyata: Aku nindakake Shalat ..... (miturut punapa ingkang badhe katindakaken, upaminipun fardhu Zhuhur), lajeng maos :

Gusti Allah ingkang Maha Agung! اَللّٰهُ اَكْبَرُ !

Allahu Akbar!

Waosan punika kasarengaken kalayan anjunjung tangan kalih dumugi leres talingan : mirsanana gambar-gambar punika. Inggih punika ingkang kawastanan Takbiratul ihram.



Gambar 1



Gambar 2



Gambar 3

Salajengipun tangan dipun sedhakeapaken leres jaja, ingkang tengen katumpangaken ingkang kiwa, kados gambar 3 punika. Wiwit punika lajeng boten kenging ngandika, sarta boten kenging nolah-noleh utawi ebah-ebah ingkang ngantos langkung kaping tiga, nanging kedah ingkang anteng sarta jatmika. Lajeng maos waosan:

اَللّٰهُمَّ بَاعِدْ بَيْنِي وَبَيْنَ خَطَايَايَ كَمَا بَاعَدْتَ
بَيْنَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ اَللّٰهُمَّ نَقِّنِي مِنَ الْخَطَايَا
كَمَا يُنَقَّى الثَّوْبُ الْأَبْيَضُ مِنَ الدَّنَسِ
اَللّٰهُمَّ اغْسِلْ خَطَايَايَ بِالْمَاءِ وَالثَّلْجِ وَالْبَرَدِ.

Jarwanipun :

1. Dhuh Gusti Allah, mugi anebihna ing antawis kula lan kalepatan kula, kados anggen Tuan sampun nebihaken antawisipun wetan lan kilen..
2. Dhuh Gusti Allah, mugi ngresikna badan kula saking sadaya kalepatan kados resiking pangangge ingkang pethak karesikan saking rereged.
3. Dhuh Gusti Allah, mugi anggiraha sadaya kalepatan kula mawi toya, mawi bun lan mawi toya jawah woh.

1. **Allaahumma baa'id bainii wabaina khathaayaaya kamaa baa'ad-ta bainal masyriqi wal maghrib.**
2. **Allaahumma naqqinii minal khathaaya kamaa yunaqqats tsaubul abyadhu minaddanas.**
3. **Allaahummaghsil khathaayaaya bilmaa-i wats-tsalji walbarad.**

Waosan punika kawastanan donga Iftitah, namung kawaos saben wiwitaning sholat. Sasampunipun lajeng maos Ta'awudz (nyuwun reksa) makaten:

أَعُوذُ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ

A'uudzu billaahi minasy syaithaanir rajiim.

Jarwanipun :
Kawula nyuwun reksa dhumateng Gusti Allah saking panggodhanipun syetan ingkang katulak.

Lajeng maos surat Fa-tihah:

١. بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ. ٢. اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.
٣. اَلرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ. ٤. مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ. ٥. إِيَّاكَ
نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ. ٦. اِهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ.
٧. صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوبِ
عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ :

Jarwanipun :

1. Kalawan asma Allah ingkang Mahamirah Mahaasih.
2. Sadaya pangalembana konjuk ing ngarsa dalem Gusti Allah ingkang ngitik-itik sadaya ngalam.
3. Ingkang Mahamirah Mahaasih.
4. Ingkang ngratoni ing dinten qiyamat.

5. Namung Paduka piyambak ingkang kula sembah, saha namung Paduka piyambak ingkang kula suwuni pitulungan.
6. Dhuh Gusti Allah, mugi anedahna ing kula dhateng margi ingkang leres.
7. Inggih marginipun para tetiyang ingkang sampun Paduka paringi ni'mat, sanes marginipun para tetiyang ingkang kabendon tuwin kasasar.
   Dhuh Gusti Allah, mugi Paduka ngabulna panuwun kula.

1. **Bismillaahir rahmaanir rahiim.**
2. **Alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin.**
3. **Arrahmaanir rahiim.**
4. **Maaliki yaumiddiin.**
5. **Iyyaaka na'budu wa iyyaaka nasta'iin.**
6. **Ihdinash shiraathal mustaqiim.**
7. **Shiraathal ladziina an'amta 'alaihim, ghairil maghdhuubi 'alaihim waladh dhaalliin.**

Aamiin.

Tumunten maos salah satunggaling surat saking Al-Quran, umpaminipun surat Ikhlas makaten:

أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ

A'uudzu billaahi minasy syaithaanir rajiim..

Jarwanipun ta'awwudz lan basmalah sampun kasebat ing ngajeng. Tumunten jarwa lajengipun.

2. Muhammad, sira dhawuha! Panjenengane Gusti Allah iku Dzat kang (mung) sawiji.
3. Gusti Allah iku kang disuwun-suwuni.
4. Ora peputra lan ora diputrakake, sarta ora ana sawiji bae kang madhani marang Panjenengane.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ

قُلْ هُوَ اللهُ أَحَدٌ

اَللهُ الصَّمَدُ

لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ

كُفُوًا أَحَدٌ

1. **Bismillaahir rahmaanir rahiim.**
2. **Qul huwallaahu ahad.**
3. **Allaahush shamad.**
4. **Lam yalid walam yuulad walam yakullahuu kufuwan ahad.**

Lajeng maos:

اَللهُ أَكْبَرُ

Allaahu Akbar.

Kasarengaken njunjung tangan kalih kados takbir-wiwitan (takbirotul ihrom) ing gambar 2.

Lajeng songga wedhi, inggih punika ingkang kawastanan ruku' patrapipun kados gambar 4.

Lajeng maos:

سُبْحَانَكَ اللّٰهُمَّ رَبَّنَا
وَبِحَمْدِكَ اللّٰهُمَّ اغْفِرْ لِي

Subhaanakallaa humma rabbanaa
wa bihamdikallaa hummagh firlii

Gambar 4

Jarwanipun:

Maha suci Tuan, dhuh Gusti Allah Pangeran kita, kaliyan memuji ing Tuan, dhuh Gusti, mugi paring pangapunten dhumateng kawula.

Utawi maos ingkang cekak makaten:

سُبْحَانَ رَبِّيَ الْعَظِيمِ

Subhaana rabbiyal 'adhiim.

Jarwanipun:

Maha suci dhuh Pangeran kawula ingkang Maha Agung.

Lajeng maos:

سَمِعَ اللهُ لِمَنْ حَمِدَهُ

Sami'allaahu liman hamidah.

kasarengaken kalayan tangi saking ruku', sarta tanganipun kados nalika takbiratul ihram, gb. 2), tumunten kalepasaken mangandhap kados gb. 5; inggih punika ingkang kawastanan I'tidal.

Lajeng maos:

رَبَّنَا وَلَكَ الْحَمْدُ — **Rabbanaa walakal hamd.**

Jarwanipun:

Dhuh Pangeran kita! Namung kunjuk ing ngarsa Paduka sadaya pepuji lan pangalembana.

kasarengaken kalayan sujud (mirsanana gambar 6).

Lajeng maos:

اَللهُ أَكْبَرُ — **Allaahu Akbar.**



gambar 5

Bathuk lan pucuking irung sumeleh ing pasujudan. (sampun ngantos kalemekan asta utawi pangangge).

gambar 6

Lajeng maos:

سُبْحَانَكَ اللّٰهُمَّ رَبَّنَا
وَبِحَمْدِكَ اللّٰهُمَّ اغْفِرْلِى

Subhaanakallaa humma rabbanaa
wa bihamdikallaa hummagh firlii

Jarwanipun :
Sampun kasebat ing nginggil.

utawi maos ingkang cekak makaten:

سُبْحَانَ رَبِّيَ الْاَعْلٰى

Subhaana rabbiyal a'laa.

Jarwanipun:
Maha suci Pangeran kawula ingkang Maha Luhur.

Tumunten lenggah kados gambar 7a punika sesarengan maos:

اَللّٰهُ اَكْبَر

Allaahu Akbar

اَللّٰهُمَّ اغْفِرْلِى وَارْحَمْنِى وَاجْبُرْنِى وَاهْدِنِى وَارْزُقْنِى

Allahummagh firlii warhamnii wajburnii wahdinii warzuqnii.

Jarwanipun:
Dhuh Gusti Allah, mugi ngapuntena ing kawula, ngasihana dhumateng kawula, nambelana ing kekirangan kawula, anedahna dhumateng kawula, sarta maringana rizqi ing kawula.



gambar 7 a



gambar 7 b

Dumugi samanten wau punika, sampun kawastanan angsal satunggal raka'at sarta lenggahipun wau kawastanan lenggah Istirahah (Gambar 8).

Wonten ing salebetipun lenggah istirahah punika boten wonten waosan punapa-punapa, namung kendel kemawon, tur namung sakedhap, pramila kawastanan Istirahah tegesipun ngaso sasampunipun angsal saraka'at.



Gambar 8

Lajeng ngadeg malih miwiti raka'at ingkang kaping kalih, patrapipun sami lan raka'at ingkang kapisan, namung kemawon boten mawi takbiratul ihram lan boten mawi waosan Iftitah; nanging terus ngadeg kemawon lajeng sedhakep sarta tumunten maos Ta'awwudz : A'uudzu billaahi ..... salajengipun.

Nyelani katerangan bab raka'atipun satunggal-satunggaling shalat sarta wekdalipun :

1. Shalat Dhuhur (kinten-kinten jam 11.45 — 4 raka'at)
2. Shalat 'Ashar (kinten-kinten jam 03.00 — 4 raka'at)
3. Shalat Maghrib (kinten-kinten jam 05.45 — 3 raka'at)
4. Shalat 'Isyak (kinten-kinten jam 07.00 — 4 raka'at)
5. Shalat Shubuh (kinten-kinten jam 04.00 enjing — 2 raka'at).

Tumrap shalat Shubuh wonten bentenipun piyambak, inggih punika wonten ing i'tidal (ngadeg sasampunipun ruku') ingkang wonten raka'at kaping kalih, sasampunipun maos :: ,Sami'allaahu liman hamidah, Rabbanaa walakalhamd, lajeng maos :

اَللّٰهُمَّ اهْدِنِي فِيمَنْ هَدَيْتَ ـ وَعَافِنِي فِيمَنْ عَافَيْتَ ـ وَتَوَلَّنِي فِيمَنْ تَوَلَّيْتَ ـ وَبَارِكْ لِي فِيمَا أَعْطَيْتَ ـ وَقِنِي شَرَّ مَا قَضَيْتَ ـ فَإِنَّكَ تَقْضِي وَلَا يُقْضَى عَلَيْكَ ـ وَإِنَّهُ لَا يَذِلُّ مَنْ وَالَيْتَ تَبَارَكْتَ رَبَّنَا وَتَعَالَيْتَ ـ

1. Allaahummah dinii fiiman hadaiit.
2. Wa 'aafinii fiiman 'aafaiit.
3. Wa tawallanii fiiman tawallaiit.
4. Wa baariklii fiimaa a'thaiit.
5. Wa qinii syarromaa qodhoiit.
6. Fa-innaka taqdhii walaa yuqdhaa 'alaiik.
7. Wa innahuu laa yadzillu man waalaiit.
8. Tabaarakta Rabbanaa wata'aalaiit.

Jarwanipun :

1. Dhuh Gusti Allah, mugi anedahna ing kula kados tiyang ingkang sampun Tuan paringi pitedah.
2. Mugi nyarasna ing kawula kados tiyang ingkang sampun Tuan paringi saras.
3. Mugi ngayomi ing kawula kados tiyang ingkang sampun Tuan ayomi
4. Mugi maringana berkah ing kawula wonten ing sadaya peparing Tuan.
5. Mugi ngreksaha kawula saking piawonipun sadaya pepesthen Tuan.
6. Saestu Tuan ingkang mesthi, lan Paduka boten kapesthi.
7. Lan saestu boten badhe ina tiyang ingkang sampun Paduka sihi.
8. Maha berkah Tuan, dhuh Pangeran kita, sarta saestu Tuan Mahaunggul.

Waosan punika ingkang kawastanan donga Qunut. Utawi cekap maos ingkang cekak makaten:

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

Rabbanaa aatinaa fid-dunyaa hasanatan wafil aakhirati hasanatan waqinaa 'adzaaban naar.

Jarwanipun:

Dhuh Pangeran kita, mugi maringana dhumateng kita sadaya kasaenan ing donya tuwin akherat, Sarta mugi angreksaha ing kita saking siksaning naraka.

Donga Qunut punika kenging kawaos saben Shalat fardhu, boten khusus kangge Shubuh, hukumipun boten wajib.

Sasampunipun tangi saking sujud kalih wonten ing raka'at ingkang kaping kalih lajeng maos:

١. اَلتَّحِيَّاتُ لِلّٰهِ وَالصَّلَوَاتُ وَالطَّيِّبَاتُ ٢. اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ
اَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللّٰهِ وَبَرَكَاتُهُ ٣. اَلسَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلٰى عِبَادِ
اللّٰهِ الصَّالِحِيْنَ ٤. اَشْهَدُ اَنْ لَّآ اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ ٥. وَاَشْهَدُ اَنَّ
مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ
٦ اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلٰى
اِبْرَاهِيْمَ وَاٰلِ اِبْرَاهِيْمَ ٧. وَبَارِكْ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَاٰلِ مُحَمَّدٍ
كَمَا بَارَكْتَ عَلٰى اِبْرَاهِيْمَ وَاٰلِ اِبْرَاهِيْمَ اِنَّكَ حَمِيْدٌ مَّجِيْدٌ

1. **Attahiyyaatu lillaahi washshalawaatu waththayyibaat.**
2. **Assalaamu 'alaika ayyuhan nabiyyu warahmatullaahi wabarakaatuh.**
3. **Assalaamu 'alainaa wa 'alaa 'ibaadillaahish shaalihiin.**
4. **Asyhadu allaa ilaaha illallaah.**
5. **Wa asyhadu anna Muhammadan 'abduhuu warasuuluh.**
6. **Allaahumma shalli 'alaa muhammadin wa 'alaa aali muhammad, kamaa shallaita 'alaa ibraahiim wa aali ibraahiim.**
7. **Wabaarik 'alaa muhammad wa aali muhammad, kamaa baarakta 'alaa ibraahiim wa aali ibraahiim, Innaka hamiidum majiid.**

Jarwanipun:

1. Sadaya kahurmatan kagungan dalem Gusti Allah.
2. Makaten ugi sadaya rahmat lan kasaenan mugi tetepa ing jengandika Kanjeng Nabi, punapa dene rahmat saha berkahipun Gusti Allah.
3. Kawilujengan mugi tetepa ing kita sarta kawulanipun Gusti Allah ingkang sami shaleh (saesae tindakipun).
4. Kawula nekseni saestu boten wonten pangeran ingkang leres kajawi namung Gusti Allah piyambak.
5. Sarta kula nekseni saestu K.N. Muhammad punika utusan saha kawulanipun Gusti Allah.
6. Dhuh Gusti Allah mugi paringa tambahing rahmat dhumateng K.N. Muhammad sakawula-warganipun sadaya, kados ingkang Paduka paringaken dhateng K.N. Ibrahim saha para kawula-warganipun.
7. Makaten ugi paringa berkah dhateng K.N. Muhammad, kados ingkang sampun Paduka paringaken dhateng K.N. Ibrahim saha para kawula-warganipun. Saestu Paduka punika Dzat ingkang pinuji sarta ingkang Maha Agung.

Waosan ing nginggil punika ingkang kawastanan waosan tahiyyat utawi tasyahhud sarta shalawat.

Tumrap shalat Shubuh utawi tahiyyat ingkang wekasan katambahan utawi andonga (badhe katerangaken ing ngandhap).

Lenggahing tahiyyat kapisan mirsanana Gambar 9 ab. dene tahiyyat wekasan kados Gambar 10 ab.

Katerangan :

Sadaya shalat punika kedah dipun sampuni tahiyyat.

Dene shalat gangsal wekdal punika tahiyyatipun ngaping kalih-kalih, kajawi Shubuh; shalat Shubuh namung sapisan. Pramila, linggihipun tahiyyat lajeng sami kaliyan tahiyyat ingkang wekasan, jer tahiyyatipun namung sepisan, tur dumunung wonten ing

pungkasaning raka'at. Samanten ugi sadaya shalat ingkang namung ngalih raka'at kados dene shalat Jum'ah lan sanesipun.

Linggihipun tahiyyat kapisan wau kawastanan linggih Iftirasy, dene linggihipun tahiyyat akhir kawastanan Tawarruk.



Gambar 9 a*)



Gambar 9 b

Gambar 10 a

Gambar 10 b

*) Driji penuding katudingna

Ing ngandhap punika conto donga sasampunipun tahiyyat akhir.

اَللّٰهُمَّ اِنِّيْ اَعُوْذُبِكَ مِنْ عَذَابِ جَهَنَّمَ وَمِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ
وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَا وَالْمَمَاتِ وَمِنْ شَرِّ فِتْنَةِ الْمَسِيْحِ الدَّجَّالِ ،

Allaahumma innii a'uudzu bika min 'adzaabi jahannama wa min 'adzaabil qabri, wa min fitnatil mahyaa walmamaati wa min syarri fitnatil masiihid dajjaal.

Jarwanipun:

Dhuh Gusti Allah, kawula saestu nyuwun reksa dhumateng Paduka saking siksanipun naraka Jahannam, tuwin siksanipun qubur, lan saking fitnah (cobi) nalika wonten ing gesang saha ingkang wonten ing sasampunipun pejah, punapa dene saking piawonipun fitnahing Masih Dajjal (tiyang ingkang njajah ingkang tukang dora).

Lajeng maos salam makaten :

اَلسَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللّٰهِ وَبَرَكَاتُهُ .

Assalaamu 'alaikum warahmatullaahi wabarakaatuh.

Jarwanipun :

Kawilujengan, rahmat saha berkahing Gusti Allah mugi tetepa dhumateng panjenengan sami.

Maos makaten wau, kasarengan kaliyan mengo manengen, sakinten pipi tengen kasumerepan saking wingking. Mirsanana gambar 7 B.

Lajeng maos salam ingkang kaping kalih kasarengan mengo mangiwa.

Nusuli katerangan:

Nalika ngadeg tangi saking linggih tahiyyat kapisan tangan dipun angkat kados nalika takbiratul ihram, lajeng sedhakep.

Bab wekdaling shalat

1. Wekdaling shalat Dhuhur punika wiwit lingsiring surya dumugi ayang-ayanging sadaya barang panjang ingkang ngadeg jejeg sami kaliyan panjanging barangipun.

2. Wekdaling shalat 'Ashar punika wiwit sasampunipun telasing wekdal huhur, dumugi ngajengaken seraping surya caket.

3. Wekdalipun shalat Maghrib punika wiwit sasampunipun seraping surya, dumugi icaling mega abrit, (1 jam 15 menit sasampunipun seraping surya).

4. Wekdalipun shalat 'Isyak punika wiwit sasampunipun telasing wekdal Maghrib dumugi fajar, inggih punika padhang-padhang ing sisih wetan ingkang mratandhani badhe mletheking surya.

5. Wekdalipun shalat Shubuh punika wiwit fajar dumugi mletheking surya.

Badhe nyumurupi wekdaling shalat punika prayogi mawi jadwal (tarip pratelan) ingkang sampun katemtokaken kangge nyumerepi utawi mangertosi wekdaling shalat gangsal wekdal; ukuraning mangsa mawi jam istiwak utawi jam Negari.

Katerangan Wigatos

1. Sasaged-saged shalat gangsal wekdal punika kedah katindakaken sesarengan kaliyan sedherek kathah, inggih punika ingkang kawastanan jama'ah (sesarengan) Shalat ingkang katindakaken sarana jama'ah punika ganjaranipun katikelaken kaping pitulikur, kajawi makaten ageng sanget faedah lan pigunanipun.

Saderengipun manjing wekdal, sasampunipun sami sadhiya. Dene yen sampun manjing wekdal wonten salah satunggal ingkang adzan (undang-undang manjing wekdal) sarana tetembungan:

اَللّٰهُ اَكْبَرُ. اَللّٰهُ اَكْبَرُ ٢×. اَشْهَدُ اَنْ لَآ اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ ٢×. اَشْهَدُ
اَنَّ مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللّٰهِ ٢×. حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ ٢. حَيَّ عَلَى
الْفَلَاحِ ٢×. اَللّٰهُ اَكْبَرُ. اَللّٰهُ اَكْبَرُ. لَآ اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ.

1. **Allaahu Akbar - Allaahu Akbar x 2**
2. **Asyhadu allaa ilaaha illallaah x 2**
3. **Asyhadu anna muhammadar rasuulullaah x 2**
4. **Hayya 'alash shalaah. x 2**
5. **Hayya 'alal falaah x 2**
6. **Allaahu Akbar - Allaahu Akbar.**
7. **Laa ilaaha illallaah.**

Jarwanipun:

1. Allah Maha Agung, Allah Maha Agung x 2.
2. Kawula nekseni boten wonten pepundhen kajawi namung Gusti Allah x 2.
3. Kawula nekseni saestu Nabi Muhammad punika utusanipun Gusti Allah x 2.
4. Sumangga sami nindakaken shalat x 2.
5. Sumangga sami ngudi kabegjan x 2.
6. Gusti Allah Maha Agung x 2.
7. Boten wonten pepundhen kajawi namung Gusti Allah.

2. Ingkang sami mireng sami jawab nirokaken adzan wau sarana lirih, waosanipun sami, kajawi nalika mireng kalimahing adzan „Hayya 'alash shalaah" lan „Hayya 'alal falaah" maosa: Laa haula walaa quwwata illaa billaahil 'aliyyil 'azhiim.

3. Mawani sampun badhe wiwit shalat lajeng wonten salah satunggal ingkang qomat (suka sumerep adeging shalat), dene tetembunganipun makaten:

اَللّٰهُ اَكْبَرُ. اَللّٰهُ اَكْبَرُ. اَشْهَدُ اَنْ لَآ اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ. اَشْهَدُ اَنَّ
مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللّٰهِ. حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ. حَيَّ عَلَى الْفَلَاحِ.
قَدْ قَامَتِ الصَّلَاةُ ٢×. اَللّٰهُ اَكْبَرُ ٢. لَآ اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ.

1. **Allaahu Akbar - Allaahu Akbar.**
2. **Asyhadu allaa ilaaha illallaah.**
3. **Asyhadu anna muhammadar rasuulullaah.**
4. **Hayya 'alash shalaah.**
5. **Hayya 'alal falaah.**
6. **Qad qaamatish shalaah x 2** *)
7. **Allaahu Akbar - Allaahu Akbar**
8. **Laa ilaaha illallaah.**

4. Utaminipun saderengipun manjing wekdal sampun wiwit sesuci lajeng tindak dhateng langgar utawi masjid; awit ganjaranipun ngentosi shalat wonten ing langgar utawi masjid wau ageng sanget, sami kaliyan ganjaranipun shalat.

5. Sasampunipun rampung shalat tetepa linggih sawatawis, perlu maos wewaosan-wewaosan kados ingkang sampun kadhawuhaken wonten Al-Quraan makaten:

فَاِذَا قَضَيْتُمُ الصَّلَاةَ فَاذْكُرُوا اللّٰهَ — **Fa-idzaa qadhaitumush shalaata fadzkurullaah.**

Jarwanipun : Manawa sira wus padha rampung shalat banjur elinga sarana nyebut asmane Allah.

Dene ingkang kawaos:

اَسْتَغْفِرُ اللّٰهَ الْعَظِيْمَ. الَّذِىْ لَا اِلٰهَ اِلَّا هُوَ الْحَىُّ الْقَيُّوْمُ
وَاَتُوْبُ اِلَيْهِ ٣×. سُبْحَانَ اللّٰهِ ٣٣×. اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ ٣٣×. اَللّٰهُ
اَكْبَرُ ٣٣×. لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ لَهُ الْمُلْكُ
وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَىْءٍ قَدِيْرٌ. اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى مُحَمَّدٍ.
اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَيْهِ وَسَلِّمْ.

Astaghfirullaahal 'azhiim, alladzii laa-ilaaha illaa, huwal hayyul qayyuumu wa atuubu ilaih x 3. Subhaanallah x 33, Alhamdulillaah x 33, Allaahu Akbar x 33. Laa ilaaha illallaahu wahdahuu laa syariikalah, lahul mulku wa lahul hamdu wa huwa 'alaa kulli syai-in qadiir. Allaahumma shalli 'alaa muhammad, allaahumma shalli 'alaihi wasallim.

Miturut keputusan MuktamarTarjih ing Wiradesa, ingkang dipun wastani QUNUT punika andamel dangu anggenipun jumeneng shalat sarana maos donga. Tuwin qunut punika kagem sadaya shalat, boten khusus Shalat Shubuh.

3. 'Ibadah Shiyam.

Ingkang dipun maksud dening Syara' (Agami) inggih punika nyegah lumebeting barang dhateng padharan utawi wadhuk; kadosta dhahar utawi ngunjuk, utawi ses! Lan suminkir (nyirik) saking prakawis ingkang mbatalaken : upaminipun ngempali tiyang estri, ngedalaken mani (kama), utawi utah-utahan (mukok) sapiturutipun. Tembung shiyam utawi Shaum punika ma'manipun ngeker, panyirik utawi panyegah.

Shiyam wau kadhawuhan wajib ing tahun 2 Hijriyah, sabakdanipun kuwajiban Zakat. Shiyam punika dados rukun lan paugeranipun Agami Islam ingkang baku. Cetha terang dados kuwajiban ingkang pethingan, ingkang saged nenuntun dhateng manah, ajrih sarta tresna ing Allah Ingkang Mahamirah Mahaasih.

Dipun sifati 'ibadah ingkang peng-pengan jalaran minangka dados panggladhining nafsu supados saged kiyat kangge nulak babaya utawi panggodhanipun syetan. Awit nafsu ingkang namung dipun uja tuwin dipun turut, punika ing mangkenipun inggih namung kadhe saya dluya lan lacut, sarta boten saged anggadhahi watak sabar lan lulut. Jalaran nafsu amarah ingkang watakipun pancen remen dhateng awon, punika manawi sampun ginah pikajengan nuruti syetan, boten saged badhe dipun penggak malih, kajawi sarana kekiyatan. Utawi sarana pangitik-itik wiwit alit mila, utawi sarana dipun lalantih, inggih punika saking sakedhik kala-kala dipun pekak lan dipun gesehi pikajenganipun, ngantos dangu-dangu saged manut lan lulut.

Dados nafsu kepengin medhar lan ngunjuk sapanunggilanipun barang ingkang halal-halal lajeng dipun cegah sabab namung ngengeti sawek nindakaken Shiyam dhawuhing Allah, punika manawi sampun kulina manut, mesthi ing tembenipun saupami nafsu wau lajeng gadhah kepenginan barang haram, inggih lajeng gampil dipun cegah jalaran ngengeti punika papacuhing Allah, inggih punika tiyang kiyat gadhah selfcontrol(pangereh pribadi);

Awit saking punika, Shiyam wau dereng nami nama Shiyam temenanan ingkang saged ngasilaken ganjaran, manawi dereng saged njagi sadaya anggota saking lampah dosa. Inggih punika: paningal, pamireng. lesan, tangan, padharan, pesaron tuwin suku; anggota pitu punika, dipun jagiya saking baram haram lan lampah dosa.

Pratikelipun Shiyam, punika saged katindakaken makaten :

Manawi panjenengan sampun mirsani Rembulan tanggal 1 wulan Ramadhan ing Langit, utawi persaksiyan tiyang ingkang 'adil, utawi nyampurnakaken wulan Sya'ban tigang-dasa dinten manawi mirsani Rembulan katutupan mega, utawi sarana Hisab (etang-ang Ahli Falaq), mangka panjenengan sampun kuwajiban 'ibadah Shiyam sarana ikhlas krana ndherek dhawuhing Allah SWT, lan netepaken niyat wau saderengipun fajar. Kajawi manawi kangge pawestri ingkang haidh (nggarap sari) utawi nifas (sabab babaran) supados dhahar buka lan wajib nyaur ing dinten sanes! Manawi piniju kekesahan utawi gerah, punika kenging dhahar buka, lajeng nyaur sanes dinten, terusan utawi pisah-pisah kenging, lan manawi Shiyam wau rekaos kagem priyantun sepuh utawi sakit sampun dangu ingkang boten saged dipun ajeng-ajeng mantunipun, utawi sabab nggarbini utawi nyesepi putra, punika sadaya ugi kenging dhahar buka lan fidyah uwos ingkang dipun sukakaken tiyang Miskin saben dinten satunggal mud (kirang-kirang 1/2 Liter utawi 1/2 Kg).

Ingkang ngrisakaken Shiyam, punika makaten: manawi sampun katingal fajar ingkang kaping kalih (naminipun imsak) punika sampun boten kenging malih dhahar lan ngunjuk (ses rokok) lan boten kenging saresmi. Manawi saresmi, kifaratipun (tebusanipun) wajib merdikakaken kawula, manawi boten wonten, supados Shiyam kalih-wulan terus-terusan (ing sanes dinten), manawi boten saged, supados nyukani tiyang Miskin 60 saben tiyang satunggal uwos 1 mud lan Shiyam sadinten.

Tiyang ingkang wajib qadha', manawi panjenengan nerak wewaler ingkang ngrisak 'ibadah Shiyam kados kasebat ing nginggil, supados anggantos nindakaken Shiyam ing dinten sanes, kajawi manawi kasupen estu! Sintena tiyang ingkang panjenengan Waleni, tilar-donya mangka piyambakipun utang Shiyam, supados panjenengan Shiyami kangge al-marhum!

Pepacuh tumrap tiyang Shiyam punika dora utawi tumindak dosa, lan tumindak goblok, lan sampun ngantos ngendika kotor tuwin pepadon; manawi panjenengan dipun pisuhi tiyang, cekap dipun jawab: "Kula nembe Shiyam", lan sampun ngantos nyangetaken kemu lan ngisep toya ing irung, lan sampun ngantos ngaras simah manawi boten saged nahan hawa nafsu. Boten dados punapa tiyang gosok waos lan siram sabab hawa benter! Sahur lan buka, ing salebeting wulan Shiyam prayoginipun makaten: manawi sampun badhe nindakaken Shiyam supados dhahar sahur ing wekdal akhir, lan manawi sampun serap Surya (wekdal Mangrib) supados enggal-enggal dhahar buka lan ngunjuk! Manawi wonten, prayogi dhahar buka woh kurma, yen boten wonten ngunjuk toya rumiyin, nembe dhahar sacekapipun, sarta maos do'a: „Dzahabadh dhama-u wabtallatil 'uruuqu watsabatal ajru insvaa Allaah!"

'Amal-'amal ingkang utami ing wulan Suci Ramadhan inggih punika ngathah-ngathahaken sedhekah (dedana) lan andarus (maos piyambak utawi sesarengan) Al Quraan, lan Shalat-dalu utawi Tarwih sewelas raka'at, sekawan-sekawan utawi kalih-kalih lan tiga raka'at; sarta i'tikaf wonten ing sadasa dinten akhiripun wulan Ramadhan.

4. 'Ibadah Zakat.

Kadhawuhan wajib wonten ing tahun 2 Hijriyah. Tembung zakat ma'nanipun suci. Utawi berkat artosipun mindhak-mindhak! Menggahing Agami (Syara') tegesipun ngeberaken kalangkungan kasugihan dhumateng tetiyang utawi kaperluan ingkang pancen mbetahaken dhateng Zakat wau, kadosta tiyang fekir, miskin, 'amil, mualla'f, kawula (kangge nguculi pangawulan), tiyang nyambut (kangge nyauri sambutan), kangge kaperluan Sabilillah lan Ibnis-sabil (tiyang kapinten ing manca).

Saben-saben Al Quraan dhawuh ngedekaken Shalat, mesthi dhawuhaken ugi bayar Zakat, pramila manawi kalirwakaken dosanipun inggih ageng sanget saha siksanipun sakalangkung awrat. Lan Zakat wau kajawi ganjaranipun ageng sanget, ugi faidahipun inggih kathah sanget tumraping ngagesang sasrawungan, sarta ingkang Zakat piyambak. Wonten ing sasrawungan gesang, Zakat wau badhe saged murugaken rumaketing pasedherekan utawi sasanakan antawisipun tetiyang ingkang sugih lan ingkang kekirangan, lan kangge adegipun kaperluan umum Zakat wau inggih boten sakedhik manfa'atipun.

Dene tumraping ingkang Zakat piyambak, Zakat wau pancen pangibadah ing Allah wonten ing prakawis bandha, minangka ngaturaken syukur dene sampun saged pinaringan sugih bandha saking ngarsanipun Allah Ingkang Mahaloma, amila lajeng dipun nyatakaken sarana ngeberaken bandha wau dhateng para kawulanipun Allah ingkang sami papa.

Ingkang makaten punika kajawi badhe saged nanarik manahipun tetiyang mlarat purun tresna utawi ngajeni dhateng tiyang sugih ingkang Zakat, ugi Allah sampun janji dhateng sinten kemawon ingkang purun syukur (Zakat), bandhanipun badhe pinaringan berkat, lan sinten ingkang kufur (medhit boten purun Zakat), bandhanipun badhe uncat boten kalap.

Ingkang wajib dipun Zakati punika bandha awujud arta, raja-brana (pepelikan emas lan salaka), raja-kaya, bandha-dagangan, tuwin wulu wedaling siti (palawija).

Bandha arta, raja-brana (pepelikan emas lan salaka) tuwin bandha dagangan, Zakatipun 2 1/2 % saben taunipun. Wiwiwtipun kuwajiban, manawi sampun gadhah kasugihan, kinten-kinten mbajaji salaka (perak) awratipun 200 Irham utawi 672 gram utawi mbajaji f 50. (Seket Gulden Walandi) ukuran tahun 1940. Dene bandha Rikaz (dhudhukan bandha arkeologi Zaman kina) Zakatipun 20 pCt. (sapra gangsalan).

Bandha raja-kaya inggih punika Unta, Maesa, Lembu lan Menda, Zakatipun saben Maesa utawi Lembu 30, Pedhet umur setaun satunggal. Lan saben 40, Pedhet umur 2 taun Dene Menda, wiwit 40 dumugi 120, Zakatipun Menda satunggal. Langkung saking 120 dumugi 200 Menda kalih. Makaten salajengipun saben langkung satunggal saking atusan, tambah satunggal (ingkang dipun Zakati punika raja-kaya ingon-ingon peternakan, dene manawi kangge nyambut damel sasawah, berah narik gerobak sapiturutipun, boten!)

Bandha wulu-wetuning siti inggih punika woh-wohan lan palawija (pantun, jagung, kacang dhele sapanunggilanipun), punika Zakatipun wonten ingkang 10 pCt, lan 5 pCt. ipun inggih punika ingkang payiramipun namung saking toya jawah utawi lepen sasaminipun 10 pCt, dene ingkang mawi dipun wragadi, kadosta mani dipun pendhet sarana nggangge kekiyataning manungsa, kewan utawi mesin, Zakatipun 5 pCt. Wiwitipun kekingingan Zakat manawi sampun dumugi takeran 5 Wasaq (kinten-kinten 7 1/2 kwintal), dene wekdalipun Zakat nalika panen (ngundhuh).

Ingkang sah nampeni (haq) Zakat inggih punika : (wonten 8 warni)

1. Fekir punika tiyang mlarat ingkang boten gadhah pandamelan, utawi boten saged nyambut damel babar pisan, margi badanipun tansah sakiten utawi pancen sampun cotho (invalid). **2. Miskin,** punika tiyang kekirangan, sampun gadhah pandamelan ananging hasilipun boten saged nyekapi kangge nyampedi butuhipun gesang ingkang perlu-perlu. **3. Muallaf,** punika tiyang ingkang dipun empuk-empuk manahipun, amargi saweg nembe kemawon anggenipun ngrasuk Agami Islam, dipun sukani bageyan Zakat wau, perlunipun supados sageda enggal rumaket pasedherekanipun, langkung-langkung manawi piyambakipun wau tiyang mulya ingkang ageng perbawanipun, saged dados panuntun. **4. Kawula punika batur tukon** (tiyang tumbasan utawi boyongan), manawi wonten kawula Mu'min kepengin badhe dados tiyang mardika, gadhah wewenang nampeni utawi nedha bageyan Zakat, perlu kangge nebusi awakipun. **5. Gharim,** punika tiyang sekeng gadhah sambutan, ingkang panyambutipun perlu kangge nyampedi butuhing gesang, lajeng boten saged nyaur amargi kekirangan. Utawi inggih saged nyaur, mung kemawon sambutan wau boten kangge kaperluanipun piyambak, nanging kangge ngleremaken fitnah (papabenan). **6. Sabilillah**, punika margi utawi Agamining Allah (Agami Islam); dipun sukani bageyan Zakat, perlu kangge wragadipun da'wah, nyiar-nyiaraken piwulang Islam, kangge ngekahaken adegipun sarta kangge njagi kawilujengaipun umat.

7. **'Amil,** punika tiyang ingkang nggarap utawi nandangi Zakat; panitya ingkang nglempakaken, ngedum lan damel lapuran administrasi. 8. **Ibnus-sabil,** punika artosipun anakdalan (tiyang ingkang sangsara wonten ing purug), lan kakesahanipun wau boten kesah ma'siyat; dipun sukanana bageyan Zakat sakadar kangge nambeli kabetahanipun wonten ing salebeting kekesahan.

Zakat fitrah, punika kadhawuhan wajib tumrapipun sadaya tiyang Islam, ing dinten 'Idul Fitri tanggal 1 Syawwal, saderengipun nindakaken Shalat 'Id. Boten nangge mastani mardika lan kawula, jaler lan estri, sarta ageng lan alitipun, pokokipun saben jiwa satunggal wajib bayar Zakat fitrah uwos satunggal Sa' (mbajaji 2,5 kg), . kabage dhateng tiyang fekir lan miskin, perlu kangge nyuceni anggenipun 'Ibadah Shiyam!

5. 'Ibadah Hajji.

Tembung Haj utawi Hij punika ma'nanipun neja utawi ziyarah. Manawi dipun jangkepaken pangucapipun Hajji ing Baitil Haram, tegesipun Bait punika padaleman, Haram punika minulya, dados Hijjul Baitil Haram punika tegesipun neja utawi ziyarah Padaleman ingkang minulya., inggih punika Ka'bah ingkang wonten salebeting Masjid Haram ing kitha Makkah. Ka'bah punika iyasanipun heyang Kanjeng Nabi Ibrahim a.s. ingkang minangka dados Qiblating Shalatipun tetiyang Muslimin ing Sadonya.

Dene menggahing Syara' utawi Agami, artosipun ziyarah Baitil Haram, perlu nindakaken 'Ibadah Hajji; inggih punika Ihram, Wuquf wonten ing l'Arafah, Tawaf ing Baitul lah. Sa'i wonten ing antawisipun Saffa lan Marwah tuwin Tahallul (cukur utawi ngethok rikma sakedhikipun tiga). I'badah Hajji wau kadhawuhan (kawajibaken) wonten ing tahun 6 utawi 9 Tahun Hijrah.

Menggah manfa'at lan faedahipun Hajji sawatawis kenging karingkes makaten:
'Ibadah Hajji punika kajawi mengku hikmah tuwin faidah kados dene 'ibadah sanes-sanesipun, inggih punika perlu kangge nuceni Roh (Sukma) saking dosa, lan kangge ngresiki nafsu (jiwa) saking watak nistha lan budi murka, supados saged kacelak wonten ing ngarsanipun Allah Ingkang Maha Mulya, uga 'ibadah Hajji punika ngewrat pinten-pinten piguna ingkang ngengingi ekonomi, kadosta saged nambahi kekendelan usaha punapa kemawon, wiyaring seserepan sejarah, pariwisata ing zaman modern, basa sarta adat tatacara mawarni-warni Bangsa, sarta nglelatih sarwa sabar wonten salebeting kekesahan ing kapal--nggegana utawi baita. Mung kemawon kesah Hajji wau badhe langkung kathah faedahipun amargi sarana dipun niyati 'ibadah ing Allah, sarta saged sesrawungan utawi tetepangan kaliyan konca-kancanipun sa-Donya ingkang nunggil Agami, lan pancen kenging sinambi sawatawis dagangan ingkang boten nerak anggering Syare'at lan Negari.

Dene tumindakipun sarta tatacaranipun, sarana mawi ngathah-ngathahaken enget utawi nyebut lan memuji sarta ndedonga tuwin tobat ing Allah Ingkang Maha Mirah Maha Ngapura. Lan sanglebetipun nglampahi 'ibadah Hajji wau kedah meper syahwat lan ghadlabipun (hawa nafsunipun), boten kenging saresmi, boten kenging wicantenan ceclemedan lan wicanten ingkang saru-saru, lan boten kenging tindak ngrisak utawi ugal-ugalan, pepabenan, kekerengan utawi umuk-umukan. Ananging kedah ngeningaken manah, sarta khusyu' madhep ing Allah sarana konjem lan mantheng; kados dene ingkang dipun pelopori dening Heyang Nabi Ibrahim a.s. lan tata cara ingkang dipun tindakaken dening Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. Inggih punika ingkang kawastanan Manasik Hajji Kados kasebat ing ngandhap punika :

Ihram, inggih punika boten kenging mangangge ingkang jahitan, kedah namung salem bar mori-pethak kangge sarungan, lan salembar malih kangge salendhangipun, kangge tiyang jaler, dene kangge tiyang estri ageman biasa (Sinjang, kebaya lan kudhung) ananging pasuryan lan epek-epek asta kabikak (boten dipun tutup). Tata caranipun: 1. Siram, 2. Rekma dipun lisahi lan dipun jungkati, 3. Ageman ihrom kados kasebat. Tiyang ihrom dipun haramaken :1. Ngagem rasukan lan sarung, kajawi tiyang estri, 2. Ngagem sepatu ingkang nutupi kemiri, 3. Nutup sirah (nangge kopiah, sorban, topi) kajawi wanita, 4. Nangge wewangen (kajawi ingkang dipun angge saderengipun), 5. Motong, nyabut utawi nyukur rekma lan kuku, 6. Nangge ageman ingkang kacelup wewangen, upami za'faran, 7. Mejahi (ambebedhag) kewan, 8. Nikah utawi nikahaken, 9. Nglamar wanita ingkang badhe dipun nikah, 10. Saresmi, 11. Misuh sarana tembung ingkang jember, 12. Ngrisak wit utawi taneman.

Niyat, nedya nindakaken 'ibadah Hajji sarana ikhlas karana Allah, sarta ngucap: **Labbaikal-laahumma 'umrah,** artosipun :Kula sampun angleksanani dhawuh Paduka, Dhuh Allah, kangge 'umrah. Punika kangge tiyang 'Umrah. Kangge Hajji Qiran: **Labbaikal-laahumma Hajjan wa 'Umratan,** artosipun :Kula sampun angleksanani dhawuh Paduka, Dhuh Allah, kangge Hajji lan 'Umrah. Manawi Hajji Ifrad makaten **Labbaikal-laahumma Hajjan,** artosipun :Kula sampun angleksanani dhawuh Paduka, Dhuh Allah, kangge Hajji.

Shalat, inggih punika Shalat Sunnat Ihram kalih raka'at, kados Shalat Sunnat biasa. Wonten salebeting tindak nuju dhateng Mekkah, supados ngathah-ngathahaken maos: Talbiyah, piyambakan utawi sesarengan, sarana suwanten ingkang sora lan terang! **„Labbaik, Allaahumma Labbaik, Labbaika laa syarika laka labbaik. Innal hamda wan-ni'mata laka wal mulka, laa syariika laka".**

Artosipun: Kula sampun dhateng angleksanani dhawuh Paduka, Dhuh Pangeran, kula sampun dhateng angleksanani dhawuh Paduka. Kula sampun dhateng angleksanani dhawuh Paduka, ingkang boten wonten sakuthon kagem Paduka, kula sampun dhateng angleksanani dhawuh Paduka, Saestunipun sadaya pangalembana, kani'matan sarta karaharjan punika kagungan Paduka, ingkang boten wonten sakuthon kagem Paduka. Kula sampun dhateng angleksanani dhawuh Paduka, Dhuh Pangeran, kula sampun dhateng angleksanani dhawuh Paduka!

Sasampunipun mlebet kitha Mekkah lan katingal Baitullah, sumangga maos do'a: **„Allaahumma zid haadzaı Baıta tasyriifan wa ta'dhiiman wa takriiman wa mahaabah. Wa zid man syarrafahu wa karramahu mimman hajjahu awi'tamarahu tasyriifan wa takriiman wa birra".**

Artosipun :Dhuh Pangeran, mugi Paduka paring tambah pakurmatan, kaagungan, kamulyan, lan kahebatan kagem Padaleman Paduka punika, lan paringana tambah kaagungan, pakurmatan, lan kamulyan tumrap tetiyang ingkang ngagungaken, mundhi-mundhi, lan mulyakaken saking tetiyang ingkang Hajji utawi 'Umrah, sarana kaagungan, pakurmatan, kamulyan, lan kasaenan!

Saderengipun mlebet ing Baitullah (Masjidil Haram) sasaged-saged ngaso sawatawis, sarta siram rumiyin, lajeng ngagem Ageman Ihram malih!

Tumunten mlebet ing Baitullah (Masjidil Haram) langkung konten Babussalam utawi konten pundi kemawon sami kemawon, lempeng nuju dhumateng Ka'bah, boten usah nindakaken Shalat Sunnat Tahiyyatulmasjid, ananging enggal-enggal nindakaken Thawaf.

Thawaf, dipun wiwiti saking arah Hajar Aswad, kalayan maos salam (caos pakurmatan) dhumateng Hajar Aswad, inggih punika ngambung sasaged-sagedipun, utawi cekap ngucapaken salam, sarana ngangkat asta utawi isyarat ngangge asta, lajeng astanipun dipun cucup sesarengan maos **„Bismillahi wallahu Akbar".** Artosipun: Kalawan asma Allah, sarta Allah ingkang Maha Agung. Lajeng madhep nengen, dados Ka'bah wonten ing kiwanipun, miwitana mlampah kalayan maos do'a:

„Allaahumma iimaanam bika wa tashdiiqam bikitaabika wa wafaa-am bi 'ahdika wattibaa'al lisunnati nabiyyika Muhammadin shallallaahu 'alaihi wasallam". Artosipun : Dhuh Pangeran, tumindak kula punika karana iman dhumateng Paduka, ngestokaken Kitab Paduka, anetepi janji kita dhumateng Paduka, sarta karana andherek tindakipun Nabi Muhammad shallal laahu 'alaihi wa sallam.

Saben-saben dumugi pojok, Rukun Yamani supados dipun usap, utawi isyarat ngangge asta (boten usah nucup) kalayan maos .**„Bismillahi wallahu Akbar".** ingkang artosipun :kalawan asma Allah, lan Allah ingkang Maha Agung.

Lajeng maos do'a :**„Rabbanaa aatinaa fiddun-yaa hasanatan wafil aakhirati hasanatan wa qinaa 'adzaaban naar".** ingkang artosipun Dhuh Pangeran, mugi Paduka paring kasaenan Donya dhumateng kita, lan kasaenan ing Ahkerat, sarta tinebihna kita saking siksaning Neraka!

Saben-saben dumugi ing Hajar Aswad supados nucup utawi isyarat ngagem asta lan kacucup astanipun kalayan maos **„Bismillahi wallahu Akbar".**

Makaten katindakaken ambal kaping 7 (pitu) ngubengi Ka'bah, sarana tata cara lan do'a kasebat nginggil. Lajeng murugi Maqam Ibrahim utawi ingkang radi caket kalayan maos: **„Wattakhidzuu min maqami ibrahima mushalla",** artosipun :Lan sabagean saka papan ngadege Nabi Ibrahim iku dadekna papan kanggo Shalat!.

Lajeng shalat sunnat kalih raka'at, sasampunipun Thawaf; ing raka'at wiwitan maos Fatihah lan surat Al Kafirun, lan wonten raka'at kapindho maos Fatihah lan surat Ikhlas (Qul huwallahu ahad). Sarampungipun shalat sunnat lajeng wangsul ing sangajengipun Hajar Aswad, saperlu nucup utawi isyarah, lan maos **„Bismillahi wallahu Akbar".** Lajeng kesah medal saking Masjidil Haram, langkung Sumur Zam-Zam, lan kendel sawatawis kagem ngunjuk toya Zam-Zam, tumunten murugi konten Shafa kangge Sa'i.

Salebetipun nindakaken Thawaf wajib: 1. Suci saking hadats alit lan hadats ageng, 2. Suci saking najis, badan, ageman lan papan Thawaf. 3. Nutupi 'aurat, 4. Miwiti saking Hajar Aswad, 5. Ka'bah wontensakiwanipun, 6. Wonten njawi Ka'bah, Hijir, lan Syazarwan, 7. Ing salebeting Masjidil Haram, 8. Ngubengi kaping 7 (pitu), 9 Boten gadhah maksud sanes kajawi maksud ngubengi Ka'bah. (Dene manawi Thawaf sunnat lan Nazar, punika wajib ngangge niyat!).

Sa'i punika dipun wiwiti saking **gumuk Shafa**, sarana maos „**Bismillaahir Rahmaanirrahiim. Innash shafaa wal marwata min sya'aa-irillaah, Abda-u bimaa bada-allaahu bihi**", artosipun: Kalawan Asma Allah, ingkang Maha Mirah, Maha Asih. Saestunipun Shafa lan Marwah punika sabagean saking syi'ar-syi'aripun Agamining Allah, kula amiwiti punika sarana punapa ingkang Allah amiwiti sakawitipun.

Lajeng minggah ing nginggil sakadar saged mriksani Ka'bah (arahipun), langkung ing sangajengipun, sarana ngangkat asta kekalih kalayan maos: „**Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar. Laa ilaaha illallaahu wahdahuu laa syariikalah. Lahul mulku walahul hamdu wahuwa 'alaa kulli syai-in qadiir. Laa ilaaha illallaahu wahdah an jaza wa'dah, wa nashara 'abdah, wa hazamal ahzaaba wahdah**". ingkang artosipun: Allah Maha Agung, Allah Maha Agung, Allah Maha Agung, boten wonten Pangeran, kajawi namung Allah piyambak, boten wonten sakuthon kagem Allah, sadaya Karajaan lan Pangalembana hamung kagunganipun Allah piyambak, sarta Panjenenganipun ingkang Maha Kuwasa ing samudayaning kawontenan. Boten wonten Pangeran, kajawi namung Allah piyambak, Ingkang sampun anetepi ing janjiNipun, ingkang sampun paring pitulung ing kawulaNipun, lan Ingkang sampun nyirnakaken Piyambak dhateng golongan mengsahipun. (waosan do'a punika kawaos kaping tiga (x 3).

Lajeng medhak mlampah ngener **gumuk Marwah**, manawi dumugi ing **Musil** (ing tembok wonten tandhanipun ijem!) supados rerikatan utawi mlajeng, dumugi ing **Griya Bani Akil** (wonten tandha ijem!) lajeng mlampah biasa kemawon. Dumugi ing gumuk **Marwah**, lajeng minggah ing undhak-undhakan sakadar saged mirsani Ka'bah (arahipun), lajeng madhep sarana ngangkat asta kalih sarana maos do'a kadosdene nalika do'a ing Shafa, kaping tiga!

Tumunten medhak saking gumuk Marwah, lan wangsul dhateng Shafa kalayan mlampah, lan mlajar sarana jangkah celak, kadosdene ingkang katindakaken saking Shafa dhateng Marwah kala wau!

Nindakaken Sa'i antawisipun Shafa lan Marwah punika ambal kaping 7 (pitu), dipun etang saking Shafa dhateng Marwah sapisan lan saking Marwah dhateng Shafa sapisan, pungkasan ingkang kapitu pas dumugi ing Marwah!

Wajib Sa'i : 1. Sasampunipun **Thawaf Rukun**, utawi **Thawaf Qudum**; 2. Wiwitipun saking Shafa; 3. Pitung ambalan sarana yakin, inggih punika saking Shafa dhateng Marwah kaetang sapisan, saking Marwah dhateng Shafa ugi kaetang sapisan; 4. Mlampah wonten watesing Mas'a (papan khusus nindakaken Sa'i).

Tahallul, inggih punika gunting rikma sakedhikipun tigang ler (iji), rikma sirah wau kagunting ngangge pirantos punapa kemawon kenging. Menggahing priya kautamekaken cukur-gundhul, tumraping wanita nggunting pucuking rikma sanyari, dene tiyang bothak cekap marisan panyukuran medal nginggiling sirah!

Wuquf ing 'Arafah, punika satunggaling rukun saking rukun-rukun Hajji, dene wekdalipun saking bakda Zhuhur (lingsiring Surya), ing tanggal **9 Dzulhijjah** ngantos mletheking fajar (shubuh) daluning tanggal **10 Dzulhijjah**; sok sintena kemawon sanajan namung meningi sakedhap utawi sakadar langkung salebeting watesipun wekdal kasebat

sampun nami cekap kangge wuquf. Ananging utaminipun wiwit lingsiring Surya (Zhuhur dumugi sasampuning serap Surya (Maghrib).

Bidhal saking kitha Mekkah dhateng 'Arafah, umumipun dening Syekh (pemimpin jama'ah Hajji salebeting wonten Negari Saudi Arabia) kirang sawatawis dinten saderengipun tanggal 9 Dzulhijjah sampun dipun siapaken uba-rampe kekesahan ngangge kemah, bus, listrik, toya, bagean kesehatan sapiturutipun. Menggahing jama'ah Hajji ingkang boten Ihram, wajib ngagem ageman Ihram!

Tanggal **8 Dzulhijjah (dinten Tarwiyah)** sampun bidhal saking kitha Mekkah dhateng Mina, lan shalat Zhuhur, 'Asar, Maghrib lan 'Isya' ing wekdalipun, lajeng nyipeng sedalu ing Mina. Wonten ing tanggal 9 Dzulhijjah (enjingipun) bidhal dhateng 'Arafah, wonten ngriku mapan sawatawis wekdal sarana **maos Talbiyah ingkang kathah,** , lan nenuwun **(do'a)**ing Jabal Rahmah. Sasampunipun Zhuhur lan 'Ashar (dipun jama" taqdim) kadadosaken satunggal wekdalipun shalat, lan karingkes raka'atipun, sadaya jama'ah Hajji sami siaga malih, lan sasampunipun wekdal Maghrib lajeng bidhal dhateng **Muzdalifah** dados shalatipun Maghrib lan 'Isya' dipun jama' ta'khir wonten ing ngriku, kalayan nengga ngantos bakda shalat Shubuh.

Rampung shalat Shubuh lajeng bidhal dhateng **Masy'aril Haram,** tansah maos do'a, tahlil, tasbih lan talbiyah wonten ing ngriku, tumunten bidhal malih dhateng Mina. Nalika wonten Muzdalifah dipun sunataken pados krikil kagem mbalang Jumrah ing Mina.

Bidhal dhateng Mina lan mbalang Jumrah, punika katindakaken ing papanipun **Jumrah 'Aqabah,** anggenipun mbalang **7 (pitung) balangan,** ngangge krikil lan kedah pener sasaranipun, dene sunatipun bakda mletheking Surya.

Sasampunipun mbalang Jumrah lan Qurban utawi Dam kangge ingkang nilar wajibing Hajji utawi nglanggar awisan Ihram, mangka para jama'ah Hajji sampun saged **Tahallul** (cukur rikma),tegesipun sadaya awisan Ihram sampun luwar, kajawi wanita taksih dipun awisi, nindakaken kawin utawi ngawinaken, lan mangangge wangi-wangi.

Nyipeng ing Mina, punika dipun wajibaken tumrap jama'ah Hajji, dene kathahipun **3 (tigang) dalu,**, pokokipun saben dalu kedah nyare ing Mina, saking malem Sawelas dumugi malem Tigawelas Dzulhijjah, ingkang kawastanan **Tasyriq.** Dene manawi kepingin enggal nilar Mina, wekdal sonten tanggal kalihwelas sasampunipun mbalang jumrah saderengipun serap Surya, lan punika naminipun Nafar Awal.

Salebetipun ing Mina, tanggal sawelas dumugi tigawelas Dzulhijjah, jama'ah Hajji dipun wajibaken mbalang jumrah saben dinten, mbalangi Jumrah cacahipun tiga, dipun wiwiti **Jumratul Ula,** lajeng **Jumratul Wustha,** lan akhiripun **Jumratul 'Aqabah.** Saben-saben mbalang maos: **„Allahu Akbar, Allaahummaj'alhu hajjan mabrura wa dzanban maghfura",** artosipun : Gusti Allah Maha Agung, Dhuh Pangeran, mugi Allah andadosaken piyambakipun Hajji ingkang mabrur (tambah kathah kasaenanipun), lan dipun apuntena dosanipun!

Wangsul mantuk dhateng kitha Mekkah, punika suasana ingkang gembirakaken sanget, **puncaking Riyadinan** inggih manggen ing Mina, tanggal 10 Dzulhijjah wau dumugi 13 Dzulhijjah; pramila sarampungipun ing Mina, sadaya jama'ah Hajji sampun sami

macak-macak sarta bregas-bregas, sabab wiwit tahallul, sampun kepareng ngagem ageman Nasional saking Negarinipun piyambak-piyambak. Gentosan anggenipun sami damel foto, lintonan kartu nama lan alamat, jalaran sampun sami wiwit kraos manawi mlebet Mekkah malih, tamtu Syekh sampun nyiapaken badhe ndherekaken kondur dhateng Tanah Wutah Rahipun piyambak-piyambak, pasedherekan ummat Islam saDonya sampun badhe pepisahan sowang-sowang, sabab Kongres ummat Islam saDonya sampun paripurna, dirgahayu jama'ah Hajji sa Donya!:

Mlebet wonten ing Mekkah lajeng nindakaken **Thawaf Ifadhah** (Thawaf Rukun), lan sampun rampung paripurna kuwajiban 'Ibadah Hajji.

Thawaf Wada' utawi Thawaf Pamitan punika katindakaken dening sadaya jama'ah Hajji manawi sampun badhe bidhal medal saking kitha Mekkah, dipun wajibaken pamit (nyuwun tambahing sih wilasa saking ngarsaning Allah) nindakaken Thawaf Wada' rumuyin.

Sumangga mlebet saking konten Babussalam, teras kemawon nindakaken Thawaf Wada', sarampungipun lajeng shalat sunnat 2 (kalih) raka'at sacelakipun Maqam Ibrahim, tumunten dhateng Sumur Zam Zam saperlu ngunjuk toya Zam Zam, lajeng medal saking Masjidil Haram, saking njawi konten Agung, mirsanana pungkasan Ka'bah Ingkang Agung, insya Allah pinanggih malih, amin (Raosipun anyles lan trenyuh!).

BAB III. RUKUN IMAN.

Wonten ing piwucal Agami Islam, ingkang baku 'ilmi punika wonten tiga: **1. 'Ilmu Kalam,** ilmu ingkang nerangaken sarta ngrembag bab Iman saha sadalil-dalilipun pisan. **2. 'Ilmu fiqih,** ilmu ingkang mratelakaken sarta ngrembag prakawis hukum-hukuming Agami Islam, wajib halal, haram sapanunggilipun tuwin batal utawi sahing 'amal sasaminipun. Lan nerangaken ugi pranatanipun tembayatan, nenikahan, sade-tinumbas sapiturutipun, dalah tumindakipun paukumaning lampah dosa, paukuman ingkang wonten ing Donya, inggih karembag pisan. **3. 'Ilmu Tasawwuf,** ilmu ingkang nerangaken sarta ngrembag babagan budi-pakerti sae lan awon, dalah solah-bawanipun manah utawi sasolah-tingkahipun nafsu pisan! Saking ilmi tigang warni kasebat, lajeng ngepang malih pinten-pinten kawruh, kadosta Ilmu-Ushuluddin utawi Ilaahiyyah (Theology) ,ilmu -Mantiq (Logic), ilmu-Tafsir, ilmu-Hadits, ilmu Ushul-Fiqih, ilmu-Akhlaq (Ethic), ilmu-Ijtima'iyah (Sociology), ilmu-Nafs (Psychology), lan sanes-sanesipun.

(1) Iman dhumateng Allah:

Tegesipun iman dhumateng Allah punika angestokaken boten wonten Pepundhen, kajawi namung Allah piyambak, ingkang Suwiji, Satunggall thil, boten wonten tunggilipun, Maka Mirah Maha Asih, tur Ingkang Sineja, boten peputra lan boten pinutrakaken sarta boten wonten satunggal-satunggala ingkang mapaki, Maha Agung Maha Mulya, Maha Luhur Maha Sampurna, Suci saking sifat kuciwa. Panjenenganipun wau Dhihin tanpa wiwitan, Langgeng tanpa wekasan,: Beda lan sadayaning barang anyar utawi titah, ingkang Miyarsa tanpa karna dhateng sadhengahing suwanten, ingkang Pirsa tanpa netra dhateng sarupining kawontenan. Panjenenganipun wau Sugeng tur Jumeneng Pribadi,

ingkang Ngawuningani dhateng samudayaning kawontenan, ingkang Ngandika tanpa huruf, tanpa suwanten tuwin tanpa lesan. Panjenenganipun wau Maha Kawasa, Murba-wasesa ing Bawana, sampun nitahaken pinten-pinten Langit lan Bumi, Baskara, Candra, tuwin Kartika. Punapa dene ingkang sampun Nurunaken jawah kangge ngedalaken sarupining woh-wohan, perlu kangge ngrezekeni kita sadaya. Panjenenganipun sampun Ngutus para Malaikat tuwin para Nabi ngampil dhawuh sarta Kitab ingkang Suci, minangka dados anggering piwucal Agami. Panjenenganipun wau ingkang paring gesang, pejah, saras, sakit, begja, cilaka, bingah lan sisah, ugi ingkang paring jodho, bandha, putra, papan lan pangkat (kalenggahan minangka bebingah lan pangarem-arem). Lan Panjenenganipun wau Ingkang badhe anggesangaken kita sadaya, saking kubur, benjing wonten ing dinten Qiyamat sarta badhe niti priksa lampah-lampah kita nalika gesang wonten ing Donya, punapa dene sampun nyadhiyakaken Suwarga lan Naraka, kangge angganjar lan niksa.

Allah SWT boten majibaken dhateng kita, malah dipun awisi ambahas (ngrembag) utawi diskusi bab hakekat Dzat Allah; dados Allah boten saged dipun sarupekaken barang kados punapa kemawon, wangun lan mapanipun sarta saatipun kados punapa, pramila ajaran cara anthropomorphisme boten wonten ing ajaran Islam, makaten ugi pantheisme, lan polytheisme punika cengkah kosok wangsul kalayan doktrin Islam. Mirsanana surat Ikhlash ayat : 1 - 3, surat Al An'am ayat: 103, surat Al A'raf ayat :172, surat Yunus ayat: 31, surat Zukhruf ayat: 9, surat Az Zumar ayat: 3, lan surat Baqarah ayat: 186.

(2). Iman dhumateng para Malaikat:

Ingkang dipun maksud iman dhumateng para Malaikat punika ngestokaken para Malaikat punika titahing Allah, sami lan titah sanes-sanesipun. Rupinipun manca warni saha saged molah-malih. Para Malaikat wau minangka dados wadya-balanipun Allah, ingkang sami setya, sami ngluhuraken Asmanipun sarta sami mituhu ing dhedhawuhipun, boten purun sami mbalela, sarta warni-warni pangibahadipun tuwin pandamelanipun. Saweneh wonten ingkang dados Utusan maringaken wahyu dhateng para Panjenenganipun Rasul tuwin para Andika Nabi sasaminipun. Lan wonten ingkang mitulungi utawi andongakaken sae dhateng tetiyang Mu'min ingkang sami anglabuhi Agamaning Allah. Lan wonten ingkang sami anjagi utawi ngawasaken sarta nyatheti lampahing para manungsa. Lan inggih wonten ingkang tinanggenah njabut nyawa. Lan wonten ugi, ingkang njagi Suwarga lan Neraka. Punapa dene inggih wonten ingkang sami nyanggi 'Arsy

Menggah cacahing para Malaikat wau kathah sanget, boten wonten ingkang saged mangertos, sanesipun Allah piyambak. Dene asmanipun para Malaikat sadasa ingkang kedah dipun sumerepi inggih punika: Jibril, Mikail, Israfil, 'Izrail, Munkar, Nakir, Raqib, 'Arid, Ridwan lan Malik.

Kita wajib iman bilih para Malaikat punika gadhah suwiwi kalih-kalih, tiga-tiga, sarta sekawan-sekawan. Gusti Allah boten majibaken kita supados mangertosi hakikatipun para Malaikat, ananging Allah dhawuh wajib iman wontenipun para Malaikat, dene para Andika Rasul lan Nabi sami sumerep para Malaikat wonten ing rupi manungsa lan sanesipun, lan bab punika kasebat Hadits Mutawatir. Mirsanana salajengipun surat Al Anbiyaa' ayat: 26 - 27, surat At Tahrim ayat : 6, surat Al Anfaal ayat: 12, surat Fushshilat ayat: 30, surat Al Ma'aarij ayat: 4.

Saweneh illustrasi kangge anggambaraken kados pundi kaprigelan lan kiyatipun para Malaikat nindakaken kuwajiban ngayahi urusan 'Alam Jagad Raya sarta andhatengaken dhawuh-dhawuhing Allah dhateng sadaya titahipun, sampun tamtu kemawon boten kados kaprigelan lan kapinteraning teknologi-modern damelanipun manungsa. Sawatawis tandhingan tehnis, rikatipun para Malaikat mlajar satunggal dinten, sami kaliyan 50.000 tahun etangan tahun ing Donya, makaten surat Al Ma'aarij ayat: 4 kasebat. Menggahing etangan manungsa, cahya punika rikatipun 300.000 Km per sekonde, sumangga kula aturi nglajengaken piyambak analisa namung cekak aos makaten punika! Wallaahu a'lam bissawaab!

Prof. Dr. Hazairin SH (almarhum) nate ngetang, bilih Malaikat punika lampahipun 17 ambalan langkung rikat tinimbang cahya!

(3). Iman dhumateng Kitab-Kitab

Artosipun iman dhumateng Kitab-Kitab punika ngestokaken sadaya Kitab ingkang sampun tinurunaken dhateng para Andika Nabi Utusaning Allah punika dhawuh pangandikanipun Allah, ingkang nyata leres, tegesipun samubarang ingkang kasebat ing Kitab wau mesthi nyata lan leres! Saupami Kitab wau anyebataken barang ingkang sampun kalampahan, inggih pancen yektos wontenipun. Lan manawi nyariosaken barang ingkang dereng kalampahan, inggih mesthi badhe kalampahanipun. Punapa dene sabarang ingkang dipun dhawuhaken, punika pancen inggih leres saenipun, lan sabarang ingkang dipun awisi, inggih pancen yektos awonipun.

Dene nami-namining Kitab wau sadaya, ingkang sinebat cetha wonten ing Al Quraan, namung Taurat, kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa a.s., Kitab Zabur kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Dawud a.s., Kitab Injil kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi 'Isa a.s. putranipun Ibu Maryam, lan Kitab Al Quraan kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. Salajengipun mirsanana surat Ibrahim ayat: 1, surat An Nahl ayat :102, surat Asy Syu'ara' ayat: 191 - 193, lan surat Asy Syura ayat: 52 - 53.

(4). Iman dhumateng para Rasul:

Tegesipun iman dhumateng para Rasul punika ngestokaken bilih Allah sampun ngutus dhateng para Andika Nabi ingkang dados kaparenging karsanipun angemban dhawuh pangandikanipun, supados kadhawuhaken dhateng para manungsa tuwin kawucalaken sarta kapimpinaken dhateng Ummat-ummatipun. Lan inggih para Rasul wau ingkang minangka dados Guru utawi Panutaning Ummat, ingkang wajib dipun gugu lan dipun tiru. Para Rasul wau kawulanipun Allah, ingkang jangkep sarta luhur budinipun, tur limpad sarta suci panggalihipun, ingkang temen pangandikanipun boten nate sami dora, ingkang jujur tindakipun boten nate sami culika, ingkang setya sami anggelaraken Agamining Allah, sanadyan ngantos dumugining seda. Para Rusul punika kathah langkung saking tigang atusan, mung kemawon ingkang cetha asmanipun kasebat ing Al Quraan, namung selangkung, inggih punika: 1. Heyang Nabi Adam, 2. Nabi Idris, 3. Nabi Nuh, 4. Nabi Hud, 5. Nabi Shalih, 6. Nabi Ibrahim, 7. Nabi Luth, 8. Nabi Isma'il, 9. Nabi Ishaq, 10. Nabi Ya'kub, 11. Nabi Yusuf, 12. Nabi Syu'aib, 13. Nabi Harun, 14. Nabi Musa, 15. Nabi Dawud, 16. Nabi Sulaiman, 17. Nabi Ayyub, 18. Nabi Dzulkifli, 19. Nabi Yunus, 20. Nabi Ilyas, 21. Nabi Ilyasa', 22. Nabi Zakariya, 23. Nabi Yahya, 24. Nabi 'Isa putranipun Maryam, lan 25. Nabi Panutup Panutan kita Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. Nabining Jagadrat!

Mirsanana surat Ali 'Imran ayat: 31 - 32, surat Al Ahzab ayat: 21, surat Al Hasyr ayat: 7, surat An Nahl ayat: 43, surat Al Anbiyaa' ayat: 8, lan surat Al Mu'min ayat: 78.

Salajengipun mirsanana surat Al A'raf ayat :138, surat Al Anbiyaa' ayat: 107, surat Saba' ayat: 158, surat Al Ahzab ayat: 7, lan surat Al Baqarah ayat: 253.

(5). Iman dhumateng dinten Akhir:

Artosipun iman dhumateng dinten Akhir punika dinten wiwit pejahipun satunggal-satunggaling tiyang dumugi mlebetipun ing Suwarga utawi Neraka, punika angestokaken manawi kawontenanipun dinten Akhir dalah samukawis ingkang kawengku in dinten wau, punika mesthi badhe kalampahanipun. Kadosta, pitakenanipun Malaikat kalih wonten ing kubur, wontenipun ni'mat (kabar gembira badhe lumebet Suwarga) utawi fitnahing (alamat badhe kaglandhang ing Neraka) kubur benjing dinten Qiyamat, inggih punika dinten risaking Donya saisi-isinipun sadaya. Lajeng para manungsa wau kaklempakaken wonten ara-ara Mahsyar kasowanaken wonten ing ngarsa dalem Allah ingkang Maha Agung, Maha Adil, Maha Sampurna, perlu badhe katiti priksa lampah-lampahipun nalika gesang wonten ing Donya. Ing riku sinten ingkang pinanggih Mu'min saha kathah amal kasaenanipun nalika wonten ing Donya, badhe kaparingan ganjaran ingkang ageng inggih punika Suwarga endah ingkang langgeng. Lan ingkang pinanggih kafir utawi kathah dosanipun, badhe kapatrapan siksa Neraka ingkang sanget awratipun.

Mirsanana surat Ali 'Imran ayat: 185, surat Al Jum'ah ayat: 8, surat An Nisaa' ayat: 77, surat Al Mu'minuun ayat: 99 - 100, surat Az Zumaar ayat: 68 - 75, surat Al Isra' ayat: 85, surat Tha Haa ayat: 124 - 127, surat Al Insyiqaaq ayat: 6 - 15, surat Ar Rahmaan ayat: 26 - 27, surat Yaa Siin syst: 51 - 52, surat Al Kahfi ayat: 47, surat Az Zalzalah ayat: 6 - 8, surat Al Anbiyaa' ayat: 47, surat Mu'min ayat: 17, lan surat Al Qaari'ah ayat: 6 - 11.

(6). Iman dhumateng Papesthen:

Ingkang dipun maksud iman dhumateng Papesthen punika ngestokaken samukawis ingkang sampun tinaqdir ing Allah, mesthi badhe kalampahan. Lan sabarang ingkang boten tinaqdir ing Allah, inggih mesthi boten saged badhe kalampahan. Pramila manawi badhe nindakaken amal kasaenan utawi tindak leres, boten susah ndadak mawi kuwatos punapa-punapa. Amargi kanugrahan ingkang pancen sampun tinaqdir dening Allah temtu badhe kaparingaken, boten wonten ingkang saged ngalang-alangi. Lan kabilahen ingkang pancen boten tinaqdir dening Allah badhe kapatrapaken, inggih mesthi boten badhe saged ngengingi.

Mirsanana surat An Nisaa' ayat: 65, surat Al Israa' ayat: 23, surat Ali 'Imran ayat: 47, surat Fushshilat ayat: 12, surat Al Qamar ayat: 49, surat Al Ahzaab ayat: 38, surat Al Furqaan ayat: 2, surat Ali 'Imran ayat: 142, surat Ar Ra'ad ayat: 11, surat Al 'Ankabuut ayat: 2, surat Ibrahim ayat: 4, surat Al Hadiid ayat: 22, surat At Takwir ayat: 29, surat Al An'am ayat: 149, lan surat Al Kahfi ayat: 29..

BAB IV. SYAFA'AT

Panjenenganipun **Ki Bagus Hadikusuma** almarhum wonten Risalah Katresnan Jati, anerangaken bilih bab syafa'at punika panci satunggaling perkawis ingkang penting lan gawat saestu. Makaten andharanipun: ..... pentinge marga ana ing jagad kamusyrikan (jagade wong kang nembah utawa memundhi saliyaning Allah) syafa'at mau pancen kang

dadi dhasaring kamusyrikan, tegese adege kamusyrikan mau ancik-ancik ana ing sadhuwuring piyandel syafa'at. Lire mangkene: wong musyrik kang padha nembah memundhi barang saliyane Allah mau, saupama ora padha duwe piyandel (i'tiqad), yen barang mau bisa nyawabi utawa nyafangati ana ngarsaning Allah, yekti wong musyrik mau ora padha gelem memundhi marang-barang mau. Dadi manawa piyandel kasyafangatan mau sirna, kamusyrikan rubuh dhewe!.

Dene gawate ana ing 'alam Islam, syafa'at mau wus cawuh antarane kang haq lan kang batal, kang bener lan kang luput, utawa kang tauhid lan kang musyrik. Ana ing Islam miturut piwulange Hadits syafa'at mau iya ana, ananging seje jinise (kwalitete) lan coreke ora kaya dene jinise lan coreke syafa'at weton kemusyrikan. Mung bahe bareng rokhing piwulang Al Quraan lan Hadits ana ing 'alam Islam wus mati, banjur 'alam Islam kalebon piyandel kasyafangatan weton kamusyrikan mau, nganti carub dadi siji, cawuh antarane syafangat kang adhedhasar tauhid lan kang dadi dhasaring kamusyrikan. Wasana ngrusakake piwulang katauhidan, lan nuwuhake fitnah ana ing 'alam Islam. Siji lan sijine wong Islam padha kafir-kafiran, Ulamane padha gegesehan. Sawenehe ana kang ngilangake syafangat entek-entekan, lan sawenehe ana kang nganakake por-poran. Dene kang bener, kang sedhengan. Yaiku madzhab Ahlussunnah wal Jama'ah, kang cecekelan Al Quraan lan Hadits.

Lan maneh kawruh syafangat mau pancen kalebu ilmu kang daqiq (lembut tur jero) Dadi anggone arep nyethakake sesilahane antarane kang bener lan kang luput mau, angel banget, ora gampang. Butuh nganggo budi kang wening lan ati padhang sarta pikir dawa lan 'aqal alus kang terus terang. Saka iku murih bisane terang gamblang, perlu luwih dhisik kudu disumurupi dhawuhing Allah bab syafangat mau ana ing Quraan, yaiku: **surat Yunus ayat 18** : „Lan padha nembah saliyane Allah, barang kang ora bisa aweh cilaka lan ora bisa aweh begja. Lan padha celathu: Iki para juru syafangatku ana ngarsane Allah. Muhammad, dhawuha:l Apa kowe padha ngaturake marang Allah, barang kang ora diwuningani ana ing pirang-pirang Langit lan Bumi. Allah Maha Suci lan Maha Luhur saka barang kang padha dimusyrikake mau". **Surat Al Baqarah ayat 255:** „Sapa kang bisa nyafangati ana ing ngarsaning Allah, yen ora kalawan idziNe?" **Surat Az Zumar ayat: 43 - 44** „Apa padha ngalap juru syafangat saliyaning Allah? Muhammad, dhawuha: Apa sanajan barang mau ora padha ndarbeki apa-apa lan ora padha duwe 'aqal? Muhammad, dhawuha: Allah kang kagungan kabeh syafangat. PanjenengaNe kang kagungan kratoning pirang-pirang Langit lan Bumi, tumuli sira bakal padha disowanake marang ngarsaNe". **Surat Saba' ayat: 23** „Lan ora migunani syafangate ana ing ngarsaning Allah, yen ora tumrap wong kang wus diidzini". **Surat Al An'am ayat 51:** „Lan pepelinga nganggo Quraan marang wong kang padha wedi disowanake menyang ngarsaning PangeraNe, ing kono ora ana kang bisa ngasihi lan ora ana kang bisa nyafangati marang dheweke, saliyaning Allah.". **Surat An Najm ayat 26:** „Lan pira bae Malaikat kang ana ing pirang-pirang Langit, syafangate ora migunani sathithik-thithika, kajaba yen diidzini dening Allah, tumrap wong kang diparengake lan direnani dening Allah". **Surat As Sajdah ayat 4:** „Allah kang wis nitahake pirang-pirang Langit lan Bumi sarta barang kang ana ing antarane Langit lan Bumi mau, ana ing nem dina (mangsa), tumuli panjenengaNe nglenggahi 'Arasye (KratoNe). Sira ora padha duwe kang ngasihi lan ora padha duwe kang nyafangati, saliyane Allah, geneya sira ora padha gelem eling?" **Surat Yaa Siin ayat 23** „Apa aku dikon ngalap pepundhen maneh saliyane Allah? Manawa Allah kang Maha Murah, ngersakake aku pinaringan bilahi, pepundhen-pepundhen mau, syafangate ora bisa migunani sathithik bae marang aku, lan ora padha bisa nylametake aku".

Surat Al Anbiyaa' ayat 3 26-27: "Lan padha celathu : Allah ngalap putra. Allah Maha Suci saka celathune mau. Balik mung para kawula kang padha diparingi kamulyan. Dheweke ora padha wani nglancangi atur marang Allah, lan dheweke padha nindak-ake printahing Allah. Allah nguningani sebarang kang ana sangarepe wong-wong mau lan sebarang kang ana ing saburine. Lan dheweke ora padha bisa nyafangati, saliyane mung marang wong kang wis direnani dening Allah. Lan dheweke iya padha dheg-dhegan, amarga wedi siksaning Allah. **Surat Al Baqarah ayat: 48-123-254** "Lan wedia dina kang sawijining awak ora bisa males marang awak liya sathithik-thithika. Lan tetebusan saka awak mau ora ditampa lan safangat ora bisa migunani marang awak mau, lan dheweke mau ora padha diparingi pitulung. E, wong kang padha ngestokake, padha danakna barang kang wus Ingsun paringake rezeki menyang sira, mupung durung teka dina kang ora ana dol-tinuku lan ora ana memitran lan ora ana syafangat. Dene wong kang padha kafir, iku kang padha nganiaya awake dhewe!".

Miturut surasane ayat-ayat ing dhuwur mau, ora ana kang netepake sarana cetha, manawa syafangat utawa kang bakal bisa nyafangati iku mesthi ana, utawa pancen ora ana; kajaba mung rong ayat sing rada memper kena disurasa, yen bakal ana kang bisa nyafangati. Yaiku ana ing Surat Najm, kang jarwane: "Lan pira wae Malaikat kang ana ing pirang-pirang Langit, syafangate ora migunani sathithik-thithika, kajaba yen wis di-idzini dening Allah, tumrap wong kang diparengake sarta direnani dening Allah. Lan ana ing surat Al Ambiyaa', sing jarwane : Lan dheweke ora padha bisa nyafangati, saliyane mung marang wong kang wis direnani dening Allah.

Ayat loro iku sajak mengku teges, yen para Malaikat kang ana ing Langit lan para kawulaning Allah, kang padha diparingi kamulyan, manawa wis dililani dening Pangeran, bakal bisa nyafangati marang wong kang diparengake sarta direnani dening Allah.

Ana ing ayat kang liya-liyane, yaiku **surat Yunus: 18,** lan **surat Zumar: 43, 44** · dipratelakake: Pepundhen saliyaning Allah, kang padha dianggep dadi juru syafangate ana ngarsane Allah mau, diorakake sarta ditolak, lan dipangandikakake yen pepundhen pepundhen mau ora padha bisa gawe begja, cilaka lan ora padha ndarbeki apa-apa. Balik kabeh syafangat sing kagungan mung Allah piyambak.

Lan ana ing **surat Yaa sin: 23** didhawuhake manawa Allah pancen arep paring bilahi marang sawijining wong, syafangate sapa bae, ora bakal bisa nulak bilahi mau, sathithik wae.

Lan **surat Al Baqarah 48, 123, lan 254,** anerangake, ana ing dina Qiyamat, syafangat mau ora bakal bisa ditampa lan ora bisa migunani sathithik bae utawa malah ora babar pisan!

Dadi surasaning ayat-ayat ing dhuwur mau kabeh, kena kagerba mangkene:

Rong ayat sajak ngemperake ananging syafangat lan juru syafangat; yaiku para Malaikat lan para Andika Nabi kang mulya-mulya. Ananging bisane nyafangati, iya sawise dililani dening Allah, lan bisane mau iya mung marang wong kang wis diparengake sarta direnani dening Allah.

Lan sangang ayat andhawuhake, kabeh syafangat mau mung kagunganing Allah lan juru syafangate, iya mung PanjenengaNe piyambak. Lan saupama saliyaning Allah, ana kang arep nyafangati, syafangate mau ora bakal ditampa utawa ora bakal bisa migunani sathithik-thithika, utawa iya pancen ora ana saliyaning Allah, kang bisa nyafangati.

Dadi dhawuhing ayat-ayat mau, karsane mung warna siji, yaiku mangkene mungguh tegese: **Kabeh syafangat iku mung kagunganing Allah. Lan juru syafangate kang hakiki (sejati), iya mung PanjenengaNe piyambak. Dene para kawulaning Allah kang mulya-mulya minangka kanggo ngetokake kamulyane mau ana ngarsaning Allah, lan ana sangarepe wong akeh, manawa wis dililani dening Allah, kapareng nyuwunake syafangat mau, kaparingake marang wong kang wis diparengake sarta direnani dening Allah".**

Saka iku, para Malaikat lan para Andika Nabi mau, iya kena diarani bisa nyafangati; ananging iya sarana teges kaya kang wis diterangake mau, ora kaya dene teges kang dikarepake karo wong musyrik, utawa kang pancen dadi dhasaring kamusyrikan. Balik teges dhadhasar tauhid, yaiku: Donga kang sinembadan.

Terange maneh mangkene:
Tembung syafangat iku akeh maknane; ana kang ateges sawab utawa pitulungan daya ghaib, lan ana uga kang ateges donga. Dadi tetembungan:"Bisa nyafangati" iku karepe : Bisa nyawabi, bisa mitulungi sarana daya ghaib utawa bisa dongakake.

Teges loro kang wiwitan (sawab lan pitulungan), iku teges kang dikarepake dening wong musyrik. Lan teges loro mau, pancen kang dadi dhasaring kamusyrikan. Lan iya teges loro mau kang dinafikake (diorakake lan diemohi) dening Al Quraan.

Jlentrehe mangkene :teges loro kang wiwitan mau, yaiku kang marakake wong musyrik pating grubyug padha sowan ngadhep utawa angsung dhahar menyang barang kang saliyaning Allah. Padha memundhi lan padha dedonga menyang barang-barang mau; padha ngarep-arep bisaa kacedhak ing ngarsane bisaa oleh sawab lan pitulunge. Banjur bisa begja awake, bisa gangsar anggone nyambut gawe, sapiturute. Utawa duwe pangarep-arep besuk ana ing Akherat bisaa nyedhakake awake ana ing ngarsaning Allah, linebur dosane. Iya piyandel syafangat kaya mangkono iku, kang diemohi lan ditolak dening Al Quraan. Awit iya pangandel kaya mangkono mau, kang diarani i'tiqad-musyrik kang nuwuhake ibadah menyang saliyaning Allah. Kaya kang didhawuhake ana ing Quraan, surat Zumar: 2.

Dadi saupama wong musyrik mau, ora padha duwe pangandel syafangat kang mengku teges loro mau; yekti dheweke ora arep keraya-raya padha sowan angsung dhahar utawa dedonga menyang barang kang saliyaning Allah mau.

Dene teges siji kang wekasan (donga), iku tegesing syafangat diiyani sarta dibenerake dening Al Quraan utawa Agama Islam. Lan iya syafangat teges donga iku, kang diarani syafangat dhadhasar tauhid, lan iya syafangat teges donga iku, kang diparengaken dening Allah marang para kawulane kang padha diparingi kamulyan. Lan iya syafangat teges donga iku, kang didhawuhake ana ing Hadits-Hadits Shahih, yen para Andika Nabi luwih-luwih Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. besuk ana ing Akherat bakal paring syafangat marang umat-umate kang wis diparengake lan kang wis direnani dening Allah.

Lan iya syafangat teges donga iku kang diterangake yen Kanjeng Nabi Muhammad iku besuk dina Qiyamat, bakal dadi Juru-syafangat kang agung kanggo nyafangati sakabehing umat; yaiku Panjenengane bakal nenuwun marang Pangeran kang Maha Agung, supaya papriksaning prakara dang diwiwitana. Kaya kang didhawuhake ana ing **Hadits Bukhari lan Muslim**, mangkene mungguh reringkesane:

Besuk ing dina Qiyamat, sawuse kabeh para manungsa padha ditangekake saka ing kubur-kubure, *banjur padha dikumpulake ana ing panggonan sawiji (ara-ara Mahsyar). Ing kono banget ngrekasane, marga banget panase ora ana pangeyuban kang kanggo ngeyup, lan banget ngelake ora ana banyu kang kanggo ngombe. Wekasan para manungsa iku padha banget susahe lan banget bingunge, tansah mung tab-taban ngalor-ngidul mung padha sesambat, ora kuwat ngrasakake kahanan kaya mangkono mau. Siji lan sijine padha takon-tinakon, sapa kang bisa nyuwunake syafangat marang ngarsaning Allah. Banjur sawenehe ana kang celathu: Mara padha sowan heyang Nabi Adam wae, mbokmanawa panjenengane bisa nyuwunake syafangat marang Pangeran. Sawuse padha sowan ngaturake apa perlune, heyang Nabi Adam ngandika: Aku ora wani lan aku ora bisa. Awit pancen Pangeran lagi paring bilahi kang gedhe banget. Jajal padha tekaa marang Nabi Nuh lan ngaturake apa perlune; wangsulane Kanjeng Nabi Nuh iya padha wae karo dhawuhe heyang Nabi Adam. Mung duduh-duduh marang Nabi Ibrahim. Kanjeng Nabi Ibrahim mangkono uga, mung nuduhake marang Nabi Musa. Kanjeng Nabi Musa iya mangkono, bisane mung buwang marang Nabi 'Isa. Kanjeng Nabi 'Isa apa dene, iya mung nuduhake menyang Kanjeng Nabi Muhammad, Nabining Jagadrat. Bareng wong-wong mau wis padha sowan Kanjeng Nabi, banjur padha matur: Dhuh Kanjeng Nabi Muhammad! Panjenengan punika Utusanipun Allah sarta dados panutuping para Andika Nabi sadaya. Tuwin sadereng lan sasampunipun., Allah ugi sampun paring pangapunten dhateng Panjenengan. Lan Panjenengan sampun pirsa kawontenan kula sadaya, sanget sisahipun lan ngrekaosipun. Awit saking punika, mugi wontena karsa Panjenengan, nyuwun syafangat dhumateng Pangeran, kangge kula sadaya.*

Sawuse Kanjeng Nabi nampa ature wong mau kabeh, banjur Panjenengane sowan ana ing sangandhaping 'Arsy, sujud ing Pangeran, sarwa ngaturake pangalembana lan pamuji sarta donga, miturut kaya dene ilham kang didhawuhake. Tumuli kadhawuhan dening Allah: E, Muhammad kakasih Ingsun! Mara angkaten sirahmu lan nyenyuwuna! Bakal Sun paringi, lan nyafangatana, bakal Sun paringi syafangat. Sanalika Kanjeng Nabi ngangkat sirahe banjur matur: Dhuh Pangeran kula, ingkang Maha Agung, Maha Mirah, Maha Asih! Ummat kula, ummat kula! Dhawuhing Pangeran : Muhammad, sira nglebokna umatira kang pethingan menyang Suwarga tanpa hisab (katiti-priksa), saka lawange kang arah tengen. Bareng wis mangkono, papriksaan banjur diwiwiti.

Kaya mangkono mungguh reringkesane katerangan bab syafangate Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. kang gedhe besuk ana ing dina Qiyamat kang bisa murakabi ing sakabeh ing umat.

Ana ing katerangan mau dipratelakake, Kanjeng Nabi sawise dililani banjur kadhawuhan dedonga utawa nenuwun marang ngarsaning Allah kang pancen kagungan syafangat mau. Dadi wis cundhuk karo dhawuhing Al Quraan ing dhuwur, yen kabeh syafangat iku mung kagunganing Allah. Lan Juru-syafangate kang haqiqi iya mung PanjenengaNe piyambak,

Dene para kekasihing Allah kang diarani bisa nyafangati, iku bisane mung dedonga lan nenuwun thok, tur iya sawise dililani dening Allah, lan bisane iya mung marang wong kang wis diparengake sarta direnani dening Allah.

Dene sesifatane wong sing direnani dening Allah, kang bisa nampa syafangate para Andika Nabi mau. Lan wong sing bakal malebu Suwarga tanpa hisab, iku wis diterangake ana ing Quraan lan Hadits. Prayoga digoleki dhewe lan dititi kang temenan banjur ditiru, supaya bisa dadi ewone wong sing begja mau, besuk ana ing Akherat.

Mung wae rehning prakara iku, becik kudu disumurupi, perlune bisaa dadi teturutan, mula ing kene prayoga diterangake Hadits siji wae, kang mratelakake sesifatane wong pethingan kang malebu Suwarga tanpa hisab mau, yaiku:

Dhawuhing Kanjeng Nabi: **Banjur didhawuhake marang aku: mara ndelenga, menyang dhuwur sisihe. Ing kono ana grombolan kang gedhe banget. Banjur kadhawuhake maneh menyang aku :Iki umatmu ! Lan nartani umat mau ana wong pitung puluh ewu, bakal padha malebu Suwarga tanpa golek japa, lan ora padha wedi walate saliyaning Allah, lan ora padha ngobong dupa, ananging mung padha tawakkal (pitaya) wae marang Allah Pangerane (Rawahusy Syaihkaani 'anibni 'Abbas).**

Mulane manawa arep nyuwun syafangat mau, iya mung kudu nyuwun marang Allah piyambak, lan manawa disuwun menyang saliyaning Allah, malah ndadekake musyrik sing marakake ora bakal bisa nampa syafangate para kekasihing Allah.

Awit musyrik utawa kafir, iku dadi alangan kang nomer siji, kanggo bisane nampa syafangat. Apa maneh besuk ana ing Akherat, lagi ana ing Donya wae, Kanjeng Nabi lan para wong Mu'min, wis dilarang, ora pareng nyuwunake pangapura dosane wong musyrik utawa wong kafir. Malah wong munafiq (lelamisan) pisan iya ora pareng; lan saupama meksa disuwunake pangapura, Allah iya ora bakal paring pangapura. Dhawuhing Al Quraan, ing surat Taubat : 80 lan 113, kang jarwane: **Muhammad! Wong lamis mau kok suwunake pangapura utawa ora kok suwunake pangapura, padha wae. Saupama kok suwunake pangapura ping pitung puluh, Allah iya ora bakal paring pangapura. Kang mangkono mau sabab dheweke wis padha kafir marang Allah lan Utusane. Lan Allah ora karsa nuduhake kaum (wong) kang padha duraka.**
Ora ana tumraping Kanjeng Nabi lan wong kang padha iman, kok arep nyuwunake pangapura marang para wong musyrik, sawuse cetha yen dheweke mau padha dadi kancane Neraka Jahim, sanajan ta dheweke mau sanake.
Wigatine mangkene:
Syafangate Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w kang gedhe kaya mangkono mau, yaiku kang didhawuhake, supaya para wong Mu'min saben ba'da Adzan, dedonga marang Allah, nyuwunake wasilah, lan fadhilah sarta drajat kang luhur marang Kanjeng Nabi Muhammad mau. Lan supaya dijumenengna ana ing maqam (pangkat) kang pinuji, kang wis dijanjekake dening Allah.

Kaya kang wus didhawuhake ana Hadits, wong Mu'min manawa krungu Adzan supaya jawab Adzan mau sarana nirokake unine kang Adzan, mung sing muni: Hayya 'alash shalaah, Hayya 'alal falaah, diwangsulana: Laa haula wa laa quwwata illaa billaah il 'aliyyil azhiim. Lan sawuse banjur donga mangkene :

„Dhuh Allah Pangeraning punika timbalan shalat, ingkang sampurna lan Pangeraning shalat ingkang badhe ngadeg! Tuwan mugi paringa wasilah (lantaran) lan fadhilah (lalangkungan) sarta drajat ingkang luhur dhateng Kanjeng Nabi Muhammad. Lan Tuwan mugi jumenengnaPanjenenganipun wonten ing maqam (pangkat) ingkang pinuji, ingkang sampun Tuwan janjekaken.

اَللّٰهُمَّ رَبَّ هٰذِهِ الدَّعْوَةِ التَّامَّةِ وَالصَّلَاةِ
الْقَائِمَةِ اٰتِ مُحَمَّدًا الْوَسِيْلَةَ وَالْفَضِيْلَةَ وَابْعَثْهُ
مَقَامًا مَحْمُوْدًا الَّذِىْ وَعَدْتَهٗ.

رواه البخارى وغيره

Allaahumma rabba haadzihid da'watit taammah, washshalaatil qaa-imah, aati Muhammadanil wasiilata wal fadhiilata wad-darajatar rafii'ah, wab'ats-hu maqaamam mahmuudan alladzii wa'add-tahu.

Lan maneh, iya syafangat kang teges donga mau, kang sok disuwun dening para Sahabat marang Kanjeng Nabi, nalika Panjenengane isih sugeng. Kaya kang didhawuhake ana ing Hadits, manawa shalat Istisqak, para Sahabat padha nyuwun syafangat marang Kanjeng Nabi, yaiku Panjenengane mau diaturi dedonga marang Allah, nyuwun tumuruning udan. Ora kok Panjenengane mau banjur diaturi mantak aji ngedalake kadigdayane nurunake udan, iku ora!

Tindak kaya mangkono mau, ditindakake nalika Kanjeng Nabi isih sugeng. Dene sawuse seda Sayyidina 'Umar manawa Istisqak nyuwun safangat (donga) marang Sayyidina 'Abbas pamane Kanjeng Nabi. Ora kok Sayyidina 'Umar sowan menyang pasareyane, tumuli nyuwun syafangat (donga) marang arwahe Kanjeng Nabi, iku ora!

Dadi miturut surasane Hadits mau, cetha nyuwun syafangat (donga) marang Kanjeng Nabi ditindakake, iku ana sajeroning Kanjeng Nabi isih sugeng, ananging bareng Panjenengane wis seda, banjur ora tumindak!

Kang mangkono mau, manawa digathukake karo dhawuhing Al Quraan utawa Hadits pancen iya wis keplok banget, awit ing Quraan lan ing Hadits ora ana kang dhawuhake sarana cetha utawa samar, wong urip iku supaya njaluk syafangate (dongane) wong sing wis mati. Mangkono uga, tindake utawa dongane Kanjeng Nabi, iya ora ana kang mundhut syafangat utawa dongane wong sing wis mati.

Dene kang ana, malah kosok baline, yaiku wong sing urip supaya nyafangati (dongakake becik) wong sing wis mati. Lan maneh, syafangat kang teges donga mau, ana ing Al Quraan utawa Hadits uga didhawuhake lan diwulangake supaya ditindakake ana ing pasrawunganing urip antarane wong Mu'min siji lan sijine utawa saweneh lan sawenehe. Tuwa-anom, gedhe-cilik, mulya-ina, sugih-miskin, 'alim utawa bodho. Tegese ana ing pasrawunganing urip, wong Mu'min kabeh mau kadhawuhan syafangat-syafangatan, utawa donga-dinonga kabecikan, saka kang tuwa menyang kang anom, utawa saka kang anom marang kang tuwa, sapiturute. Kaya kang katindakake dening Kanjeng Nabi, nalika Sayyidina 'Umar arep 'ibadah 'Umrah, diwelingi supaya dongakake Panjenengane. Lan kaya kang wis diterangake para Malaikat padha dongakake becik marang para wong Mu'min kang shaleh-shaleh.

Jalaran tindak mangkono mau, pancen gedhe banget faedahe lan hikmahe ana ing ngarsaning Allah lan ana ing urip bebrayan.

Katerangan bab syafangat kang dawa mau, yen karingkes mangkene :

Ana ing piwulang Islam, syafangat iku iya ana, ananging ma'nane pandonga.

Dadi ora kaya dene syafangat kang ditekadake wong musyrik, yaiku sawab utawa pitulungan daya ghaib. Sanajan syafangat mau, mung pandonga, ewa dene bisane kalakon, kudu yen wis dililani dening Allah, ora dupeh mung donga, besuk ana ing dinane ngadeg dina Qiyamat, ora ana wong kang wani cemuwit matur sakecap wae menyang ngarsaning Allah, yen ora pancen wis oleh idzining Allah. Dhawuhing Allah ing dalem Al Quraan: **„Pangeranira, Pangerane pirang-pirang Langit lan Bumi, lan sabarang kang ana ing antarane Langit lan Bumi mau, kang Maha Murah.**
Ora padha duwe atur sathithik wae marang PanjenengaNe. Yaiku ana ing dinane Malaikat Jibril lan para Malaikat padha ngadhep jejer-jejer. Ing kono ora padha wani matur, kajaba wong kang wis diidzini dening Kang Maha Murah lan matu sarana bener". (Surat An Naba' : 27 - 28).

Lan bisane tumama iya mung marang kang wis diparengake sarta direnani dening Allah. Awit kang kagungan kabeh syafangat mau, mung Allah sarta Juru-syafangate kang haqiqi iya mung Panjenengane piyambak.

Lan syafangat mau didhawuhake supaya ditindakake uga ana ing pasrawungan urip, antarane wong Mu'min siji lan sijine, saka wong urip marang wong urip, lan saka wong urip marang wong mati, ora saka wong mati marang wong urip, iku ora!

BAB V. KABECIKAN (AL BIRRU)

Dhawuhing Allah ing surat Al Baqarah : 177 jarwanipun: *„Kang diarani kabecikan iku dudu mung anggonira padha ngadhepake rahi-rahinira ngeblat mangetan lan mangulon thok, ananging kang diarani becik mau, wong kang ngandel ing Allah lan dina Akhir lan para Malaikate lan Kitabe lan para Nabine. Lan gelem mewehake bandhane tur iya dhemen ing bandha mau, diwehake marang sanak-sadulure lan bocah-bocah yatim lan wong-wong miskin lan anak dalan (wong lelungan) lan wong kang padha jejaluk, lan kanggo nebusi kabudhakan. Lan gelem ngedegake Shalat lan bayar Zakat. Apa dene padha tuhu ing janjine manawa padha janji. Lan padha sabar ing kamlaratan lan kabilaen lan nalikane padha perang ruket. Wong kang mangkono mau, wong kang padha ngugemi Agamane lan wong kang mangkono mau yaiku wong kang padha taqwa (sumungkem) ing Allah".*

Menggah dipun ringkes makaten: ingkang kawastanan tiyang Abrar (sae-sae utawi sufi) punika tiyang ingkang temen-temen Mu'min, ahli 'ibadah, tur ambek loma berbudi remen dedana, abudi jujur, tuhu ing janji, saha awatak sabar kwawi nampi cobi lan nindakaken dhawuhing Pangeran.

Lan inggih makaten wau saweneh wewatakipun jiwa Muthma-innah!

1. Filsafat Islam mawas gesang ing 'Alam Donya dumugi gesang langgeng ing Alam Akherat.

Surat Tha Haa ayat 124-127 dening Jumhur Mufassirin dipun sanepakaken tiyang ngagesang punika kados dene umpaminipun tetiyang sami numpak baita ('Alam Donya), anuju dhateng satunggiling Jagad Ngamanca ingkang dereng nate kaambah utawi kasaba ('Alam Akherat). Ing salebeting baita wau isi pinten-pinten kasukan tuwin tetedhan ing-

kang marupi-rupi (inggih isining Kadonyan mawarni-warni nengsemaken!). Lan wonten ing riku ugi wonten sesepuh inggih punika juru-nasehatipun ingkang sanget waskitha sidik premana (para Andika Nabi lan Rasul) tur welas asih dhateng tetiyang wau sadaya boten pilih kasih. Panjenenganipun saben-saben anguwuh-uwuh dhumateng tetiyang kathah paring nasehat (inggih punika piwulang Agami Islam). Maksudipun, pepenget sampun ngantos sami kasupen prakawis anggenipun badhe pindhah manggen ing Jagad Ngamanca ingkang sakelangkung gawat wau, supados samiya tata-tata lan samekta nyadiyakaken barang-barang lan sangu ingkang perlu kangge gesang wonten ing riku (Iman lan 'Amal Shaleh). Ingkang makaten wau supados gesangipun saged sakeca, seneng ayem, lan tentrem (manggen ing Suwarga ingkang langgeng!). Awit manawi boten cecawis langkung rumiyin kados makaten, ing mangke gesangipun badhe kalunta-lunta sangsara salaminipun (kacemplungaken ing Neraka). Jalaran ing riku boten wonten wekdal ingkang kenging kangge ikhtiyar malih. Ananging tetiyang kathah boten purun ngrewes dhateng pitutur sae wau, malah sami ngece lan maiben. Sami ngolot-ngolotaken, nggegujen, ngempreti lan maibeni sakajeng-kajeng. Namung sami kasengsem suka-suka, bujana, andrawina, jejogedan lan dhedhangsahan, sarta mendem-mendeman sapiturutipun. Lan sami ketungkul rerebatan catu tetedhan lan omben-omben sasaminipun, ngantos saged nuwuhaken kekerengan lan pepejahan sarta damel risaking barang-barang lan mawuting tetedhan wau. Ing mangka badheya dipun ece lan dipun paiben dikados punapa kemawon sajatosipun salebeting sami kados makaten wau, pun baita tansah mlampah terus murugi papan ingkang dipun tuju, boten mawi mundur utawi kendel sakedhap kemawon, pramila inggih lajeng badhe dumugi. Lan baita wau manawi sampun badhe dumugi ing panggenan ingkang dipun tuju wau, ing riku badhe katempuh ombak ingkang sakelangkung ageng saking kiwa-tengen anggegirisi sanget. Pun baita tumunten gonjang-ganjing boten kanten-kantenan, lajeng kabentus ing karang, wasana pecah ambyar dados sawalang-walang (inggih punika dinten Qiyamat risaking Donya). Tetiyangipun sami glagepan kacemplung ing saganten, kaontang-antingaken ombak kauncalaken ing dharatan, inggih punika papan ingkang dipun tuju, bulak ingkang sakelangkung wiyar, ingkang sanget benteripun makantar-kantar (ara-ara Mahsyar, dene kontenipun inggih punika pejah). Ing riku sadaya tetiyang wau kaklempakaken dados satunggal, perlu badhe dipun pirsa lampah-lampahipun lan dipun adili prakawisipun dening Gusti Allah SWT. **„He eling manungsa! Sanyata sira iku sajatine lumaku temenan marani Pangeranira, banjur bakal pada ngadhep ing ngarsaNe!" (Surat Al Insyiqaaq ayat 6).**

2. Nyinau lan nindakake Agami Islam.

Adhedhasar surat Asy Syuura ayat 13-17 lan surat Ali 'Imran ayat 19, 82-85, sarta surat Al Maaidah ayat 3, saged kita andharaken makaten: Miturut dhawuhing Al Quraan kasebat, tetela sanget bilih Agami ingkang tus saking ngarsaning Allah, sarta ingkang badhe katrimah benjing wonten ing ngarsanipun, punika namung Agami Islam. Lan inggih Agami Islam wau, Agamining Allah, ingkang sampun kadhawuhaken dhateng para Andika Nabi kina-kina, wiwit heyang Nabi Adam ngantos dumugi ing samangke punika. Lajering piwucalipun ajeg tetep boten wonten ewah-gingsiripun, inggih punika ngedegaken Tauhid ing Allah, nyirnakaken sadaya kamusyrikan lan ngrebahaken sadaya brahala-brahalanipun. Dhasaring tuntunanipun plek sami boten wonten bentenipun, inggih punika ibadah ing Allah, sarana ngedegaken Shalat lan Sujud, sarta ndedonga ing Panjenenganipun. Saha tujuning ancasipun sarambut pinara pitu boten wonten gesehipun, inggih punika badhe mbangun gesang mursid, gesang suci, beres lan utami, ingkang salajengipun saged nuwuhaken tata lan tentrem, wilujeng ing Donya lan Akheratipun.

Mung kemawon rehning para Andika Nabi wau, kautus namung tumuju dhateng salah satunggiling Bangsa (Ummat) lan mangsa, dados syari'at lan Agaminipun wau dereng saged nyekapi kangge Agamining Donya lan sadayaning mangsa. Jer kala samanten Donya pancen dereng saged dados satunggal, lan satunggalipun dereng saged sesambetan, lan tetiyangipun Bangsa satunggal lan sanesipun boten saged sasrawungan. Boten kados jaman PBB bakda Perang Donya II, Donya sampun satunggal, komunikasi liwat Satelit Palapa, ingkang stasiunipun wonten Pasar Rebo, Jakarta - Indonesia, saindhenging Bawana sampun tambah celak sanget, sarana tilpun utawi Televisi!.

Dados Donya samangke sampun dados satunggal, Negari-negarinipun sampun sami sesambetan wiwit sesambetan ASEAN ngantos patembayan PBB, sarta tetiyangipun sampun sami sesrawungan lan tetepangan. Punapa malih manawi mawi ngengeti sapengkeripun para Andika Nabi wau, piwucalipun sami pating bececer kathah ingkang kecer, sarta Kitab Suci tetilaranipun sampun sami kacampuran pamanggih utawi anggitanipun tiyang, saha syari'atipun sampun kacomboran lampah gugon tuhon tuwin kabid'ahan, sampun tamtu kemawon ingkang makaten punika, Donya wau lajeng ambetahaken dhateng Agami satunggal ingkang murni, tus saking ngarsanipun Allah Ingkang Maha Suci, minangka dados obor tuwin Anggeripun gesang (Undhang-Undang Dasar) ingkang prematı, ingkang saged nyekapi dhateng kaperluaning gesang sesami, tur gampil (praktis) dipun tindakaken boten makeweti!

Awit saking punika, Allah Ingkang Maha Murah Maha Asih, Ingkang Wicaksana Waskitha Ngawuningani kabutuhanipun para manungsa saDonya, lajeng njumenengaken Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. dados panutuping para Andika Nabi sarta dipun utus dhateng Jagadrat, angampil pitedah Al Quraan lan Agami Islam ingkang sampurna, saged nyekapi kangge kaperluanipun tiyang saDonya, minangka kangge mbangun sarta nyampurnakaken Agamining para Andika Nabi kina-kina.

Piwucal Agami Islam punika gampil dipun tampi lan dipun mangertosi, amargi adhedhasar kawruh lan ilmi (ilmiyah). Syari'atipun wiyar mayar gampil (praktis)dipun lampahi dening sadhengahing manungsa sawarnining Bangsa, wonten ing sadayaning mangsa, tur boten sepen saking hikmah (filsafat) utawi piguna. Kitab Suci Al Quraan, dhawuhipun cetha terang, gampil kasuraos, kawontenanipun tetep jangkep, rineksa ing Allah Ingkang Maha Kuwaos; suci murni boten wonten tanganipun manungsa ingkang nyampuri, tus tumurun saking ngarsaning Allah Ingkang Maha Suci. Makaten ugi tindak tuwin pangandikanipun Kanjeng Nabi, ingkang minangka dados tafsir (katrangan otentik)-ipun, nadyan namung prakawis tindak prayogi utawi kirang prayogi, boten wonten ingkang mrucut, sadaya kacakup sinerat dening para Pujangga Hadits wonten ing Kitab-Kitabipun Hadits, tharik-tharik sarana urut. Awit saking punika, saupami wonten tiyang cariyos: „Ing Donya iki wis ora ana Agama kang murni tus saka ngarsa dalem Allah, kajaba mung Islam, lan ora ana pepacaking Agama kang tharik-tharik setha terang, saliyane Agama Islam", saestu ingkang makaten punika boten nama lelangkungan utawi umuk-umukan, ananging namung satrep ing saleresipun kemawon.

Jer pancen inggih makaten punika kawontenanipun ingkang sineksenan dening Donya tuwin kanyatakaken wonten ing lelampahanipun. Kenging katiti priksa menggah kaleresanipun wonten ing nyatanipun. Dados tetela, rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad wonten ing Jagadrat angampil Kitab Al Quraan lan Agami Islam ingkang sampurna wau, salugu namung kautus mbangun sarta nyampurnakaken Agamining para Andika Nabi

kina-kina. nJangkepi kekiranganipun, nyuda lelangkunganipun saha ngleresaken keklintuanipun. Pramila piwucal Islam punika inggih nyadayani, mawi andhawuhaken supados sami ngestokaken ugi dhateng Wahyu wangsiting Pangeran, ingkang sampun kawedharaken dhateng sadaya para Andika Nabi wau, lan supados sami pitados ugi sarta ngajeni tuwin ngurmati dhateng para panjenenganipun wau, boten kenging badhe nyenyamah utawi ngremehaken dhateng salah satunggalipun, jer panjenenganipun wau pancen para Utusanipun Allah, priyantun ingkang utami.

Inggih kados makaten punika, saweneh piwucalanipun Agami Suci Agami Islam ingkang murni, boten mawi mbedak-mbedakaken antawisipun para Andika Nabi, sadaya sami dipunakeni Utusanipun Allah Pangeran Ingkang Maha Suci, sadaya wau sami Islam sumarah ing Allah Gusti Ingkang dipun pundhi-pundhi. Lan pancen inggih namung Allah piyambak, ingkang kenging sarta wajib dipun pundhi-pundhi lan dipun sujudi, dipun ajeng-ajeng Berkah lan Rahmatipun wonten ing Donya lan Akheratipun.

Kados makaten, katranganipun sawatawis bab kasampurnanipun Agami Islam, dados Agami Jagad Raya, lan Agami ingkang badhe katrimah wonten ngarsa dalem Allah Ingkang Murbeng-jagad.

Ingkang makaten wau tumrapipun titiyang Ahli-Kitab ingkang pancen ngugemi estu dhateng Kitab Suci-nipun ingkang Asli, boten badhe suwala malih; kajawi ingkang gadhah manah serik watak drengki, jail methakil remen ambalela, kuwatos manawi kalindhih, punika ingkang lajeng sok ngrisak-ngrisakaken. Lajeng remen nandukaken paeka awon, neja ngalang-ngalangi lan nyedani para Andika Nabi. Satemah damel seriking manah, ambenteraken manahipun ngakathah. Ewa samanten karsanipun Allah boten saged dipun palangi, amencaraken Agami Islam ingkang Suci sakedhap ngebaki Jagad-rat pramudita, sanajan tetiyang kafir sami nglawan utawi mambengi, kados ingkang kaweca wonten dhawuhing Ayat kasebat.

BAB VI. HAYUNING BAWANA

Para nupiksa! Panjenengan tamtu sampun mangertos bilih sadaya tiyang Islam punika sadherek, sanadyan ingkang manggen ing sanes Nagari, lan sanadyan boten tunggil Bangsa. Makaten punika mawi tangsul inggih punika: Agami Islam, langkung-langkung ingkang tunggail padunungan, kados kula sadaya bangsa Indonesia, ingkang tanah wutah rahipun ing tanah Indonesia, botena kedah saya rumaket pasedherekanipun, awit kajawi dipun tangsuli dening Agami, inggih tunggil Bangsa, tunggil kabetahan, sosial, ekonomi lan keamanan.

Awit saking punika murih saged kadumugen ing sedya kita, kita kedah nambahi ing karukunan kita, lan purun ngrembag punapa ingkang kados kabetahanipun, jalaran manawi tansah cecongkrahan, tamtu boten badhe saged kadumugen ing sedya kita sadaya.

Dhawuhipun Gusti Allah ing dalem Quraan: (surat Hujuraat: 10) "**Innamal mu'minuuna ikhwah**" ingkang artosipun:

"Sanyatane wong Mu'min iku sadulur", lan dhawuhing Hadits: "'**Laa tadaabaruu wakuunuu 'ibaadaihi ikhwaana**" (Hadits riwayat Muslim), ingkang maknanipun: "...ja padha pasulayan, nanging padha rukuna karo papadhaning kawulaning Allah, jalaran kabeh iku padha sadulur".

Miturut dhawuh ing nginggil punika perlu sanget kula sadaya anjagi tangsuling mimitran, lan ngagengaken paguyuban, awit saya agenging paguyuban kita sadaya saya kekah tangsuling pasedherekan kita. Kosok wangsulipun manawi kula sadaya sami thenguk-tenguk, boten purun anjagi dhateng tangsuling mimitran, saestu inggih saya renggang, dangu-dangu saged pedhot sayektos!

Ngengeti bilih para manungsa punika yektosipun sadherek, langkung-langkung ingkang tunggil Bangsa tur tunggil Agami, tamtunipun inggih tunggil kabetahan. Amila saking panyuwun saha pangajeng-ajeng kita kados pundi kemawon sagedipun sami netepi wajibipun sajatining pasedherekan.

Menggah warni-warnining pasedherekan punika kathah sanget, nanging karingkes namung dados kalih, inggih punika:

Sapisan, pasedherekan krana Kadonyan.

Kaping kalih, pasedherekan krana Allah.

Mimitran krana Donya.

Pasedherekan ingkang boten krana Allah punika boten saged lestantun, jalaran saking adhedhasar pamrih, (krana jeneng-jenang), upaminipun pasedherekan krana bandha Donya, krana balegering tiyang sapanunggilanipun.

Mimitran utawi pasedherekan krana bandha makaten rumaketipun inggih manawi taksih saged tumut nanjakaken bandhanipun, manawi sampun boten kedanan inggih lajeng medhot, sanadyan ingkang makaten wau sabab saking sampun melarat. Malah kabar-kinabar kemawon sampun boten sudi.

Mimitran krana rupi makaten, asih tresnanipun manawi rupi wau taksih ajeg sae, ananging manawi katingal sajak sampun badhe nglinthing, inggih lajeng boten remen, gela. Saya malih manawi saupami lajeng nandhang sakit cacar, ingkang ngantos damel burik, bokmanawi lajeng katilar semprung!

Mimitran krana tunggil padamelan makaten, saenipun inggih nalika taksih sami nyambut damel, purun sanjan sinanjan, tulung-tinulung ing kasisahan. Ananging bilih salah satunggalipun kakendelaken, ingkang tamtu lajeng kasupen, terkadhang manawi kapanggih malah ethok-ethok boten sumerap.

Awit saking punika dados sampun cetha sanget bilih pasedherekan ingkang boten krana Allah punika tipis utawi apes sanget! (Makaten wejanganipun Kyai Muchtar Buchari, ing kitab „De stem van de stilte", Ulama ageng ing Surakarta Hadiningrat).

Mimitran krana Allah.

Beda kaliyan mimitran ingkang krana Allah, anggenipun pasedherekan saged langgeng Donya Akherat, kabekta pasedherekanipun boten krana jenang-jeneng! Sanadyan suwaunipun sarwa-sarwi, lajeng salah satunggalipun dhumawah ing kemlaratan meksa boten suda pasedherekanipun, ananging malah saya katingal asih tresnanipun. Satengah saking tandhanipun mimitran krana Allah punika:

Manawi salah satunggalipun kalentu ing tindak tandukipun, lajeng dipun emutaken. Ngantos manawi mitra ingkang dipun leresaken wau boten nggega, inggih taksih tansah rekadaya kados pundi kemawon murih lajeng purun ngewahi ing tindakipun.

Dhawuhing Ulami (Hukamak): **„Mimitran iku aja pedhot anggone donga-dinonga".**

Mitra ingkang sajati punika tamtu purun elik-elik nalika mitranipun tumindak maksiyat, lan sasar. Jalaran owelipun sami kaliyan ngowel badanipun piyambak, lan inggih makaten punika, ugi kuwajibanipun titiyang Islam.

Pangandikanipun Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. : "**„Luwih becik-beciking barang kang diwenehake dening wong Islam marang mitrane iku pitutur kang becik, kang bisa nambahi pituduh lan bisa nyegah saka piala".**

Awit saking punika tiyang ingkang dipun pitutur dening mitranipun wajib ngaturaken panuwun, lan ngucap syukur, punapa dene inggih tumunten katindakaken, murih saged keplok kaliyan kajengipun ingkang mitutur. Jalaran manawi boten makaten badhe kapitunan ageng, tur inggih damel cuwaning mitranipun. Upami, kula dipun sukani rasukan dening mitra kula, sasampunipun kula tampani lajeng kula klumbrukaken ing saanggen-anggen, punapa inggih dados renanipun ingkang nyukani? Sampun temtu boten!

Sampun malih kula klumbrukaken ing saanggen-anggen, sanadyan kula simpen ingkang kalayan sae, nanging boten nate katingal kula angge, makaten punika tumrap ingkang nyukani inggih kirang seneng, rumaos bilih pawewehipun tanpa damel.

Makaten ugi tumrap pitutur ing kasaenan, manawi ingkang dipun pitutur sampun ngajengi leresing pitutur, nanging ambangkang boten purun miturut, punika inggih boten keplok kaliyan kajengipun ingkang mitutur, satemah ngrenggangaken tangsuling pasedherekan.

Limrahing pitedah punika asring andumuk dhateng cacad, amila bilih cacad kita dipun dumuk kedah ngaturaken panuwun, lan ngucap syukur ing Gusti Allah.

Pangandikanipun Bagindha 'Umar bin Khattab radhiyallu 'anhu: **„Mugi-mugi Gusti Allah paring rakhmat dhateng tiyang ingkang nedahaken cacading mitranipun".**

Upaminipun, wonten tiyang badhe jagong, boten rumaos bilih anggenipun udheng-udhengan mondholanipun wonten ngiringan, dumadakan wonten salah satunggaling mitra ingkang ngengetaken, tamtu kemawon ingkang dipun tedahaken ing kalepatanipun wau kajawi ngaturaken panuwun lan ngucap syukur ing Gusti Allah, inggih lajeng dipun ewahi mencenging udhenganipun, awit saupami kalajeng menceng, temtu dados gegujengan!

Amila saenipun panjenengan sadaya para maos manawi dipun tedahaken tindak panjenengan ingkang klintu, kajawi ngaturaken panuwun lan syukur, inggih kedah tumunten kaewahana punapa saleresipun, murih sampun kalajeng awon.

Ananging kangge ing jaman akhir punika boten makaten, ingkang anggadhahi kawruh sami kesed (asosial) nindakaken kasaenan, ingkang kirang kawruh sami sungkan pitaken, lan remenipun pasedherekan milih tiyang ingkang kendel, ingkang boten nate purun nyaruwe utawi nedahaken ing lepatipun, langkung raket malih mitra ingkang purun ngrojongi tindak sasar. Bilih wonten mitra ingkang anggretehi dhateng kasanenan malah dipun gethingi. Sampun temtu kemawon ingkang makaten punika boten badhe saged tuwuh uwohing pasedherekan.

Pangandikanipun Ulama (Hukamak) makaten: **„Yen sira dhemen mimitran karo wong kang ora gelem aweh pitutur, lan elik-elik marang panggawe sasar, luwih becik mitranana karo wong mati".**

Ingkang makaten punika cetha sanget bilih mitra ingkang gabug, sepa raosipun, saged-sagedipun ngraosaken namung sapele, kadosta: pawewehipun ses, nyambuti pangangge, nyambuti arta kangge pawitan main, lan sapanunggilanipun.

Miturut andharan ing ngajeng, rehning kula sadaya tiyang Islam, kados pundi anggen kita pasedherekan murih saged netepi pranataning Agami Islam, inggih punika ngleresaaken tindak ingkang kalentu, lan suka pitutur dhateng sadaya sadherek ingkang kekirangan.

Miturut dhawuh Quraan: "Wal takum minkum ummatny yad 'uuna ilal khairi.wa ya' muruuna bilma' ruufi wa yanhauna 'anil munkar wa' ulaa 'ika humul muflihuun".

"Anaa saka sira kabeh golongan (bebadan) kang ngajak-ajak marang kabecikan lan padha prentah marang kabeneran, lan kang nyegah marang panggawe ala, ya wong-wong kang mangkono iku kang padha begja". (surat Ali 'Imron: 104).

Sajatosipun mitra ingkang purun elik-elik, purun mituruti dhateng kasaenan, purun nacad dhateng tindak ingkang awon, lan inggih purun ngleresaken pamanggih saha tekad ingkang klintu (sasar), punika mitra ingkang pethingan,. Inggih sadherek ingkang purun makaten punika ingkang nama sadherek sinarawedi, mitra darma, utawi mitra sajati.

Ananging kathah-kathaipun tiyang ing jaman akhir punika, mitra ingkang pethingan wau malah dipun gethingi, jalaran saben-saben tansah ngendhak dhateng kakajengan sarta tindak ingkang kirang prayogi, awit inggih angemuti sampun dados dhasaripun mitra ingkang pethingan punika anggenipun ngowel badaning mitranipun boten beda kados anggenipun ngowel dhateng badanipun piyambak, makaten punika kados dene tiyang sepuh dhateng anakipun, kados punapa anggenipun anggula wenthah murih saged dados sae.

Dhawuh Quraan makaten: **„Yaa ayyuhalladzina aamanuu quu anfusukum wa ahlii kum naaraa".**

"E, wong kang iman, padha rumeksaa ing awakira, lan ahlinira saka Naraka". (surat Tahrim :6).

Tri laksiteng wangsit:

Wondene pitutur punika kenging kaperang dados warni tiga:

1. **Isarah,** utawi sasmita, kumlawening tangan, kedheping netra, gedheging sirah lan sapanunggilanipun.
2. **Kinayah,** utawi pralampita, inggih punika pitutur ingkang boten dipun melokaken, namung pralambang utawi gagambaran.
3. **Sharirah,** utawi tarwaca, Le, aja main, mundhak rusak, aja royal, mundhak bengang (sipilis). Engger, sing sregep sinaumu, kareben pinter. Sing wekel samubarang gawe lan gemi, kareben cukup. Sing tumemen anggonmu ngibadah, kareben ..... sapiturutipun.

Menggah srana warni tiga wau empanipun piyambak-piyambak, kedah waspada anggenipun ngecakaken, murih boten dadosaken seling serep.

Lah, samangke kados pundi Welas Asihipun Gusti Allah dhumateng para titah utawi kawulanipun,. O, ageng sanget! ngungkuli asihing mitra ingkang tansah pitutur, lan ngungkuli asihing tiyang sepuh dhateng anakipun, lan inggih ngungkuli tresnaning manungsa dhateng badanipun piyambak.

Amila boten aneh bilih wonten sawenehing Agami, mastani Gusti Allah punika Bapakipun para manungsa, nanging punika namung majazi kemawon!

Kalebet Welas Asihing Pangeran dhateng para manungsa punika anggenipun tansah pitutur lan nurunaken Hidayat. Dene pitedahipun Gusti Allah dhumateng para kawulanipun punika wonten warni kalih, inggih punika:

1. **Awujud Kitab Mushhaf,** inggih punika Kitab-Kitab ingkang dipun ampil dening para Rasul, kadosta: Kitab Tauret, Zabur, Injil, tuwin Quraan.
2. **Awujud Kitab Kodrat,** inggih punika ingkang kaserat wonten ing papaning Lintang-Lintang, Rembulan lan Surya (Prabangkara), peksi-peksi, wit-witan, sela-sela, rediredi angin, toya, siti, latu, sato-kewan lan sapanunggilanipun. Gumelaring ngalam sadaya punika bleg kebak seseratan ingkang ngemu suraos pitedahipun Pangeran dhateng kawulanipun.

Inggih: Kitab Kodrat punika, ingkang kawastanan **„Suwaraning ngasepi"** utawi "De stem van de stilte" kabekta pitedahing Pangeran ingkang kawrat ing Kitab Kodrat punika lembat sanget, dados boten aneh bilih awis janma ingkang mirenga, lepat-lepat saged ngewahaken pangadatan lan engetan, inggih punika tiyang saged ngengleng lan majenun!

Sajatosipun Kitabing Kodrat punika sampun kawengku wonten ing salebetipun Kitab Mushhaf ingkang dipun ampil dening Panuntun Agung Panuntun kita Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. inggih punika Kitab Suci Al Quraan.

Awit saking punika manawi panjenengan sadaya kepengin mirengaken Suwaraning ngasepi ingkang kalayan cetha, kedah rerambatan Kitab Quraan, ingkang temtu lajeng saged mireng terang, tur boten mutawatosi.

Dhawuhing ayat: **„Kitaabun 'anzalnaahu 'ilaika mubaarakul liyaddabbaruu 'aayaatihii wa liyatadzakkrara 'ulul 'albbaab".**

"Iku Quraan, sawijining Kitab kang wus Ingsun turunake marang sira Muhammad, kang kebak kautaman, para ummat supaya amikir-mikir marang ayat-ayate, lan supaya digagas marang kang padha duwe pangerti". (surat Shaad : 29).

Dhawuhing ayat malih makaten maknanipun: "Sakabehing kewan-kewan kang padha ana ing Bumi, manuk-manuk kang padha mabur ana ing ngawang-awang kalawan suwiwine, iku kabeh padha kaya sira, samubarang iku wus kawengku ing dalem Kitab".

Kathah kemawon tiyang ingkang ngudi badhe mirengaken Suwaraning ngasepi, nanging nyingkur dhateng Quraan, temtu adhakan kesasaripun, jalaran upami tiyang mlampah makaten, lumampah ing petengan ingkang boten ambekta obor, dados nunak-nunuk utawi gagap-gagap. Ananging sanadyan mawi obor, bilih pambektanipun wonten ing wingking, inggih tangeh sagedipun enggal dumugi, awit kaling-kalingan badanipun piyambak, beda kaliyan manawi oboripun kadekek wonten ing ngajeng, kajawi pajar inggih temtu murugaken rancag enggal dumugi ing panggenan ingkang sinedya.

Dhuh para sadherek, miturut ingkang sampun kula aturaken, cetha bilih Suwaraning ngasepi punika sanget lembatipun sarta gampil sanget nglentokaken tampi, ananging inggih ageng sanget faedahipun, samanten wau manawi saged cetha wijang anggenipun nampi.

Ing ngriki perlu katerangan sawatawis saking Suwaraning ngasepi :

Wonten satunggaling Ngulami sabibaripun Shalat 'Isyak lajeng lenggah wonten ing jawi sarwi tumena ing tawang, mriksani kawontenaipun Lintang-Lintang ingkang sami lumampah wonten ing garisipun piyambak-piyambak. Saking pakartining budinipun Ngulama wau lajeng mireng Suwaraning ngasepi, makaten :

„Ing saupama kahanane para golonganing manungsa iku padha tumindak metu dalaning sedyane dhewe-dhewe, ora tumbuk-tumbukan, kaya Lintang-Lintang iku, saiba becike tur slamet. Luwih-luwih manawa siji lan sijine padha ngalap pikuwat kaya dene Lintang iku".

Suwaraning ngasepi ingkang kaserat ing papaning Lintang-Lintang punika pancen sae sanget, saupami golongan-golongan lan pakempalan-pakempalan miturut ikhtiyaripun piyambak-piyambak, boten wada winada, nanging malah tulung tinulung, kados dene lamhaping Lintang-Lintang, temtu enggal dumugi ing dunung ingkang sinedya.

Wonten malih Ngulama mlampah-mlampah, dumugi ing ara-ara suwantening Suwaraning ngasepi, jalaran miriksani pinten-pinten mahenda sami nyenggut rumput sesarengan. Satunggal lan satunggalipun boten sami cahak cinahak, namung trimah nedha rumput ingkang wonten ing sangajengipun. Makaten suraosing suwaraning ngasepi :

„Saupama, kabeh manungsa iku tumindak golek pangan (rejeki) siji lan sijine ora rebutan, ora cahak cinahak, wis mesthi bae uripe bisa rukun lan tentrem, kaya dene uripe wedhus iku".

Satengah saking pitedahipun Gusti Allah ewoning suwaraning ngasepi inggih punika bandhosa Sajatosipun bandhosa punika saben dinten tansah celuk-celuk, menggah suraos cara Jawinipun makaten:

„Aku iki sawangen, teka ora tau kok sawang, sawangen nganggo akalmu. Aku iki kang ngelih bangsamu marang liya panggonan, wus pirang-pirang bangsaku kang padha ngelih bangsamu".

Kados makaten lembating kawontenanipun suwaraning ngasepi, punapa saged kalampahan saged mirengaken ingkang kanthi pratitis tumrap tiyang ingkang kothong (boten mawi adhedhasar Agami Islam). Ambok manawi tumrap tiyang ingkang kothong wau, sanadyan kapethuk tiyang pejah, inggih alus manis. Sampun malih namung kapethuk sageda mireng, sanadyan ngiringaken layon pisan inggih boten saged mireng, nanging malah jingklak-jingklak gumeder, gojegan, ura-ura lan sasaminipun.

Saweneh saking suwaraning ngasepi, inggih punika mosiking manahipun para manungsa. Sanadyan ing wekdal wadhangipun para tetiyang sami kendel dalah pancadriya nipun pisan, nanging manahipun tansah ebah, inggih punika ingkang dipun wastani khathir (krenteg). Khathir punika wonten warni kalih inggih punika: khathir awon tuwin khathir sae. Dene kerep-kerepipun tumindaking manungsa punika nglampahi pakenipun khathir awon, amila wohing ngamalipun inggih lajeng awon. Suwanten dhawuhing khathir ingkang sae boten nate kapireng, mila inggih boten aneh bilih lajeng boten nate tumindak ingkang shaleh. Tur dhawuhing khathir ingkang sae punika upami dipun mirengaken lajeng dipun lampahi badhe nuwuhaken kamunfangatan ingkang sakalangkung ageng.

Awit saking agenging faedahipun mireng suwantening ngasepi, amila kados pundi murih anggampilaken panampi. Punapa kedah andhewe (nguzlah) dhateng satengahing wana ingkang ageng, punapa manggen ing salebeting guwa, punapa kedah kendel angeningaken panca driya, nutupi babahan hawa sanga, punapa kedah kados pundi. Boten gampil kemawon, inggih punika kita kedah saged miyak hijab (aling-aling) ingkang dumunung ing sangajeng kita. Dene ingkang ngaling-alingi wau kathah sanget, namung kemawon kenging karingkes dados kalih :

1. kaling-kalingan maksiyat,
2. kaling-kalingan kumanthil-kanthilipun manah dhateng kadonyan.

Manawi aling-aling kalih sap wau dereng saged ical, tangeh saged mirengaken suwaraning ngasepi.

Maksiyat punika kawontenanipun wonten warni kalih:

1. maksiyating lahir,
2. maksiyating batos,

Maksiyating lahir, madat, madon, maling, main, minum, mangani, mamoyok lan sapanunggilanipun.

Maksiyating batos, drengki, srehi, iren, panasten, kumet, takabur, ngujub, riya lan sapanunggilanipun.

Maksiyating lahir lan batos punika yektosipun sesakit ingkang ambebayani dhateng kawilujenganipun para manungsa ing Donya dumugining Akherat, mila kedah enggal dipun sirnakaken, kasuntik mawi obat (sirum) ingkang cespleng, inggih punika samiya ngudi nyinau **Ilmu Tasawuf utawi Ilmu Budi Pekerti**

Ilmu Tasawuf Islam pethikan saking Quraan lan Hadits punika saged nyarasaken Kamanungsan, saha saged angejer lan anjejegaken hawa nafsu. Inggih Ilmu Tasawuf Islam punika ingkang kasanepakaken toyaning gesang utawi toyaning kawicaksanan!

Aling-aling kumanthilipun dhateng kadonyan punika sagedipun sirna, kedah amengeti:

1. **Sipat apesipun manungsa,** ing ngriku lajeng sagedipun sirna, kedah donya punika kabingahan ingkang ngapusi lajeng katingal bilih gumelaring buktinipun anak semah ingkang sanget kita tresnani boten lestantun inggih punika pejah, punapa kita badhe saged nyambet utawi damel nyawa. Bandha donya ingkang rinten dalu kita padosi sarana adus kringet. bilih sampun ngalempak gampil sirnanipun, upami kabesmen boten ngantos jam-jaman telas. Kawiryawan (drajat pangkat donya) dados karyawan utawi pegawai Negeri (Swasta) manawi sampun wekdalipun dipun kendeli, inggih lajeng kendel boten saged dipun selaki. Sanajan barang-barang ingkang kita tresnani punika taksih jangkep sadaya, terkadhang manungsanipun piyambak angoncati rumiyin, inggih punika pejah piyambak, ingkang anak-semah, bondha donya, tuwin kawibawanipun boten badhe tumut kabekta ing kubur!
2. **Sipat kodrat (kuwaos) -ipun Gusti Allah,** punapa dene sipat Luhur sarta Langgengipun Pangeran. Wonten ing ngriku punika bilih saged karahosaken kalayan yakin, lajeng saged anetepaken manawi donya wau boten pantes dipun gegeki ngantos kanthil-kumanthili. Nanging namung kaanggepa papan kangge ngathakaken ngamal shaleh sarta ngabekti dhateng Gusti Allah SWT.

Dene sagedipun para manungsa mangertos dhateng kawigatosan kalih prakawis ing nginggil punika kedah nyinau sarta anggilut Ilmu Tauhid (Ngakaid). Inggih Ilmu Tauhid punika ingkang saged angleresaken kapitadosan kita dhateng Gusti Allah.

Cekak aosipun supados saged mireng suwawraning ngasepi ingkang kalayan cetha, aling-aling kalih prakawis ing nginggil wau kedah dipun sorot mawi obor Nuring Agami Islam.

Amila para maos sadaya, sumangga sami nyinau kawruh Agami Islam lan dipun lampahi, mugi Gusti Allah ngijabahi, aamin!

Panutuping atur kula, sarana maos Alhamdulillah, kula ngaturaken syukur dhumateng Gusti Allah SWT lan ngaturaken selawat lan salam dhumateng Junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad saw, dene Allah sampun kapareng mitulungi kula, saged ngrampungaken panyeratipun naskah kitab Al-Huda, Tafsir Quraan basa Jawi, 30 Juz, sarana tuntunan maos ejaan sastra Latin, sarta katerangan sawatawis ingkang wigatos tur murakabi. Katiti mangsa ing dinten Sabtu Kliwon, tanggal 15 Muharram 1398 Hijriyyah, utawi 15 Sura tahun Jawi 1910-Je, utawi tanggal 16 Desember 1978.

Pamuji kula dhumateng Gusti Allah 'Azza wa Jalla, mugi-mugi Kitab Al-Huda punika pinaringan saged manfangati dhumateng kita sami, ing Donya dumugining Akherat, Aamiin!

Ngayogyakarta Hadiningrat, 16 – 12 – 1980.

16-12-78

Drs. H. Bakri Syahid
(Purnawirawan ABRI)

DAFTAR ISI

1. Sambutan Menteri Agama R.I. 2
2. Surat Tanda Tash-hih 4
3. P u r w a k a 7
4. Cacala saking penerbit ,,Bagus Arafah" 9
5. Kapustakan 13
6. Sambutan Majlis Ulama Daerah Istimewa Yogyakarta 15
7. Surat AL FATIHAH 17
8. Surat AL BAQARAH 19
9. Surat ALI 'IMRAN 90
10. Surat AN NISAA' 132
11. Surat AL MAA-IDAH 179
12. Surat AL AN'AAM 214
13. Surat AL A'RAAF 257
14. Surat AL ANFAAL 306
15. Surat AT TAUBAH 326
16. Surat YUNUS 361
17. Surat HUD 389
18. Surat YUSUFI 418
19. Surat AR RA'D 443
20. Surat IBRAHIM 456
21. Surat AL HIJR 468
22. Surat AN NAHL 483
23. Surat AL ISRA' 512
24. Surat AL KAHFI 537
25. Surat MARYAM 561
26. Surat THAHA 578
27. Surat AL ANBIYAA' 601
28. Surat AL HAJJ 622
29. Surat AL MU'MINUN 641
30. Surat AN NUUR 663
31. Surat AL FURQAAN 684
32. Surat ASY-SYU'ARA 701
33. Surat AN NAML 728
34. Surat AL QASHASH 745
35. Surat AL ANKABUT 766
36. Surat AR RUUM 781
37. Surat LUQMAN 795
38. Surat AS SAJADAH 803
39. Surat AL AHZAB 810

40. Surat SABA' 831
41. Surat FAATHIR 845
42. Surat YAA SIIN 857
43. Surat ASH-SHAFFAAT 872
44. Surat SHAAD 894
45. Surat AZ-ZUMAR 908
46. Surat AL MU'MIN 925
47. Surat FUSHSHILAT 942
48. Surat ASY-SYUURA 956
49. Surat AZ ZUKHRUF 970
50. Surat AD DUKHAAN 987
51. Surat AL JAATSIYAH 996
52. Surat AL AHQAAF 1004
53. Surat MUHAMMAD 1014
54. Surat AL FAT-H 1023
55. Surat AL HUJURAT 1032
56. Surat QAAF 1038
57. Surat ADZ-DZAARIYAAT 1046
58. Surat ATH-THUURI 1055
59. Surat AN-NAJM 1065
60. Surat AL QAMAR 1073
61. Surat AR RAHMAAN 1081
62. Surat AL WAAQI'AH 1092
63. Surat AL HADIID 1104
64. Surat AL MUJAADILAH 1113
65. Surat AL HASYR 1121
66. Surat AL MUMTAHANAH 1129
67. Surat ASH-SHAFF 1132
68. Surat AL JUMU'AH 1136
69. Surat AL MUNAAFIQUUN 1140
70. Surat AT TAGHAABUN 1144
71. Surat ATH THALAQ 1149
72. Surat AT TAHRIM 1154
73. Surat AL MULK 1158
74. Surat AL QALAM 1164
75. Surat AL HAAQQAH 1172
76. Surat AL MA'AARIJ 1179
77. Surat NUH 1185
78. Surat AL JIN 1191
79. Surat AL MUZZAMMIL 1197
80. Surat AL MUDDATSTSIR 1201

81. Surat AL QIYAAMAH 1209
82. Surat AL INSAAN 1215
83. Surat AL MURSALAAT 1220
84. Surat AN NABA' 1226
85. Surat AN NAAZI'AAT 1233
86. Surat 'ABASA 1238
87. Surat AT-TAKWIIR 1243
88. Surat AL INFITHAR 1247
89. Surat AL MUTHAFFIFIIN 1250
90. Surat AL INSYIQAAQ 1254
91. Surat AL BURUUJ 1257
92. Surat ATH-THAARIQ 1260
93. Surat AL A'LAA 1267
94. Surat AL GHAASYIYAH 1270
95. Surat AL FAJR 1273
96. Surat AL BALAD 1277
97. Surat ASY-SYAMS 1280
98. Surat AL LAIL 1282
99. Surat ADH DHUHAA 1285
100. Surat ALAM NASYRAH 1287
101. Surat AT TIIN 1289
102. Surat AL 'ALAQ 1291
103. Surat AL QADAR 1294
104. Surat AL BAYYINAH 1295
105. Surat AL ZALZALAH 1297
106. Surat AL 'AADIYAAT 1299
107. Surat AL QAARI'AH 1301
108. Surat AT-TAKAATSUR 1303
109. Surat AL 'ASHR 1305
110. Surat AL HUMAZAH 1306
111. Surat AL FIIL 1308
112. Surat AL QURAISY ..... 130°
113. Surat AL MAA'UN 1310
114. Surat AL KAUTSAR 1312
115. Surat AL KAAFIRUUN 1313
116. Surat AN-NASHR 1314
117. Surat AL LAHAB 1315
118. Surat AL IKHLASH 1316
119. Surat AL FALAQ 1317
120. Surat AN-NAAS 1318

121. Donga khatam Alquraanul kariim 1319
122. Katerangan sawatawis ingkang wigatos murakabi 1325
123. Bab I. Kitab Suci Al Quraan 1325
124. Bab II. Rukun Islam 1330
125. Bab III. Rukun Iman 1352
126. Bab IV. Syafa'at 1355
127. Bab V. Al Birru (Kabecikan) 1362
128. Bab VI. Hayuning Bawana 1365

* * *

ISI MAKSUD INGKANG WIGATOS

I. AL FAATIHAH

Kaca :

1. Bab 'aqaid utawi ka-imanan 18
2. 'Ibadah . . . . .
3. Angger-angger Hukum lan Pernatan-pernatan . . . . .
4. Janji sarta ancaman . . . . .
5. Sejarah . . . . .

II. AL BAQARAH

6. Masyarakat anampi Al Quraan 20
7. Manusiawi punika fitrahipun satunggal 21
8. Piwulang Agama unsur Pembangunan . . . . .
9. Dhawuh manembah ing Allah 23
10. Tantangan marang wong Musyrik . . . . .
11. Sanepan ing sajeroning Quraan 24
12. Jejer tumitahing manungsa 25
13. Pepeling tumrap wong Bani Israil 27
14. Paring kani'mataning Allah marang Bani Israil 28
15. Strategis ingkang milujengaken . . . . .
16. Kalih welas trah Bani Israil 30
17. Kasus rajapejah 33
18. Segolongan Bani Israil ngaken iman ing Nabi Muhammad saw 34
19. Background memengsahan Yahudi ing Madinah 36
20. Mu'jizat Nabi 'Isa a.s. 37
21. Mu'jizat Nabi Musa a.s. ing Thursina (Sinai) 38
22. Saben tiyang nanggel resiko piyambak-piyambak 45
23. Nabi Ibrahim a.s. ambangun Ka'bah . . . . .
24. Do'a panuwunipun Nabi Ibrahim a.s. tinarimah (makbul) . . . . .

J U Z 2 49

25. Nabi Muhammad saw do'a supados Ka'bah kadadosaken qiblating Shalat. . . 50
26. Pitulunging Allah SWT lumantar Shalat lan Sabar 52
27. Kani'matan ing Alam Barzah . . . . .
28. Ucapan do'a ing pancabaya (musibah) . . . . .
29. 'Ibadah Hajji utawi Umrah . . . . .
30. Paedahipun energi Surya katiti priksa dening Prof. Habibi 54
31. Hukum Qishaash (pradata males pejah) 57
32. Wasiyat boten kenging nglangkungi sapratigan milikipun 58

kaca :
33. 'Ibadah Shiyam lan I'tikaf ing Masjid 59
34. Adat Jahiliyah bakda 'Ibadah Hajji 63
35. Hukum Perang 66
36. Inuman keras lan ngabotohan haram 67
37. Hukum Salakirabi (Undang-Undang Perkawinan) 68
38. Sumpah lan mbayar Kifarat (dhendha) 69
39. Hukum Khulu' 70
40. Tiyang jaler tanggel jawab kawilujengan lan kemakmuran somah .....
41. Randha memantes sarira 72
42. Hukum 'iddah, talak raj'i, lan maskawin 73
43. Ambudayakaken Shalat kang khusyu' lan jatmika 74
44. Wasiyat lan aweh bebungah marang Simah .....
45. Milisi lan dedana ing margining Allah 75

J U Z 3 78

46. Syafa'at 78
47. Ora peksan ngrasuk Agama 79
48. Allah nggesangaken maneh wong-wong kang wus mati 80
49. Nanjakake bandha sarta norma hukume 81
50. Dedana ing margining Allah punika ibadat sosial .....
51. Usaha tiyang kafir boten manfaat Donya Akherat 82
52. Kasugihan ingkang kedah dipun Zakati 83
53. Nadzar (amal bakti ing ngarsaning Allah) .....
54. Ngedhengaken sedhekah supados dipun conto 84
55. Sedhekah dipun samaraken supados boten riya .....
56. Hukum riba 85
57. Kasaksian ing patembayan (mua'malah) 86
58. Barang tanggelan (borg) 87
59. Paring pangalembananing Allah marang wong Mu'min, puji, sarta panuwuning do'a 88
60. Nyinau Quraan sarana dipun tandhing 89

III. ALI 'IMRAN

61. Allah jumeneng pribadi 90
62. Ayat muhkamaat lan ayat musytabihaat 91
63. Daya pangaribawa bandha Kadonyan, lan ancamaning Allah marang wong kafir 92
64. Palagan perang Badar .....
65. Pratelaning Allah sifat ke Esaan, ke-Adilan, sarta Agama kang direnani 93
66. Wekdal Sahur lan Imsak ing wulan Shiyam .....
67. Pancasaning pradata tumrap wong kang mrajaya para Nabi 94
68. Wong-wong Yahudi nyeleweng saka Hukum Allah .....
69. Bukti kakuwasaan lan kabeneraning Allah SWT 95

70. Hukum angger-anggering Allah SWT . . . . . .
71. Larangan ngiloni wong kafir 96
72. Kulawarga 'Imran lan kautamane 97
73. Nabi Al-Masih 'Isa a.s. putra Maryam 98
74. Kisah biografi Al-Masih 'Isa a.s. 99
75. Mubahalah 102
76. Nabi Ibrahim a.s. sanes golongan Yahudi lan Nasrani 103
77. Pokale wong Yahudi ala 104
78. Nabi ora bakal mrentahake manungsa nyembah ing Nabi 105
79. Kanabiane Muhammad s.a.w. 106
80. Fasik tegesipun duraka 106

J U Z 4 108

81. Amal shaleh ing politik, sosial-budaya, ekonomi lln. 108
82. Baitullah ing Mekkah padaleman-suci wiwitan ing Donya 109
83. Tegese "Wong kang kuwasa ngambah dalane" . . . . . .
84. Maksudipun "Ma'ruf" 110
85. Ahli Kitab ingkang sampun ngrasuk agami Islam 112
86. Pepacuh ngalap mitra pinercaya marang Yahudi 113
87. Perang Uhud tahun 3 Hijrah 114
88. Ndherek dhawuhing Allah lan Rasul 116
89. Paukumaning Allah ingkang arupi musibah 117
90. Artosipun Jihad fii sabiilillaah 118
91. Kitha Madinah Al Munawwarah . . . . . .
92. Pangayoman suaka dhumateng Abu Sufyan pimpinan Quraisy . . . . . .
93. Ganjaran ing Donya arupi stabilisasi ekonomi 119
94. Kekalahan strategis Ummat Islam ing palagan Uhud 120
95. Mental lan disiplin berjoang 121
96. Budi pekerti Nabi Muhammad s.a.w. 122
97. Sifat-sifate wong Munafik 123
98. Ganjaran tumrap pahlawan Syuhada' (mati syahid) 124
99. Perang Badar Shughra 125
100. Penggalihing Nabi s.a.w. ditentremake dening ayat Allah 126
101. Paedahe tansah eling titahing Allah 129
102. Andrawina sawatara tumrap wong kafir, lan kabegjan kang langgeng tumrap wong Mu'min 130
103. Surat An Nisaa' Ash Shughra lan surat An Nisaa' Al Kubra 131

IV. AN NISAA'

104. "Ndherek pitaken, karana Allah" punika adat sae sanget 132
105. Wayuh ngangge serat izin saking ingkang estri simahipun 133

106. Prinsip-prinsip hukum waris 134
107. Weweh langkung sapratigan warisan boten kenging 135
108. Paugeran-shasar kanggo anetepake laku nistha, lan wewatone 136
109. Cara urip sesrawungan karo-bojo 137
110. Randha saking Bapa kedah dipun warisi anak jaler sepuh, makaten adat Jahiliyah .....
111. Angger-angger salaki rabi 138

J U Z 5 139

112. Pangayoman hak azasi (pribadi) 140
113. Tata bebrayan salaki rabi 141
114. Makarya punika wajib .....
115. Kuwajiban marang Allah lan marang masyarakat 142
116. Hukumipun nusyuz .....
117. Pokok kaidah fundamental Negara 147
118. Tehnik, taktik lan strategi yudha 150
119. Sikep mental munafik ana palaganing yudha 151
120. Mobilisasi lan etik peperangan 153
121. Syafa'at hasanah 154
122. Pakurmatan cara Islam 154
123. Ngadhepi solah tingkahe wong munafik 154
124. Wiwitanipun suaka ing Islam 155
125. Hukum mrajaya Muslimin 156
126. Kuwajiban Hijrah 158
127. Wajib shalat sanajan ana ing kahanan kang rupek 159
128. Shalat Qashar .....
129. Shalat Khauf .....
130. Pimpinan wajib tumindak adil lan bener 160
131. Kakisruhan sebab dening musyrik lan godhaning syetan 162
132. Sesaji cara Arab Jahiliyah 163
133. Piwales iku miturut fakta, ora miturut angen-angen 164
134. Menehake hak marang wong kang apes, lan cara ngrampungi bale griya 165
135. Ngagesang taqwa 166
136. Laku kang sarwa adil 167
137. Wong musyrik tansah gawe gejolak masyarakat 168
138. Ingkang nami riya 169

J U Z 6 170

139. Larangan ngucap ala marang sapadha-padha 170
140. Pedhet emas damelanipun tiyang Bani Israil 172
141. Allah SWT ngangkat Nabi 'Isa a.s. ing ngarsanipun, dados boten leres disalib 173

142. Wahyu Ilahy marang para andika Nabi, lan bab jejer wigatose piwulang Tauhid 174
143. Allah SWT wawan sabda langsung kalayan Nabi Musa a.s. 175
144. Nabi a.s. ing Quraan 176
145. Para Malaikat ngadhep pisowanan ing Ngarsadalem Allah SWT 177
146. Hukum waris Kalalah (ora duwe anak lan Bapa) 178

V. AL MAAIDAH

147. Panyampurnaan tata-bina Diinul Islam 179
148. 'Amalan ing salebeting 'Ibadah Hajji 179
149. Undhian cara Arab Jahiliyah punika haram 180
150. Yen kapeksa nedha tetedhan haram kenging 180
151. Cara mbebedhag ngangge kewan-bedhagan ingkang trampil 181
152. Ber budi bawa laksana, adil lan jujur 182
153. Wong Yahudi lan Nasrani ingkar ing janji 183
154. Amal shaleh sarana dedana bandha 184
155. Nur (Cahya) Muhammad s.a.w. 185
156. Murka-angkaraning Yahudi ing parentahing Nabi Musa a.s. mlebu Palestina, lan akibate 186
157. Rajapati zaman Habil lan Qabil putra Nabi Adam a.s. 187
158. Manungsa saged angsal ilmu saking 'Alam sakiwatengenipun 188
159. Angger-angger tumraping rerusuh lan brandhal, kang angganggu keamanan, katartiban ing masyarakat 189
160. Laku ingkare wong Yahudi ing norma-hukum Taurat, lan kang kawogan mutus-perkara kudu adhedhasar dhawuhing Allah 191
161. Manungsa boten ngetrapaken hukum-Allah sabab tigang perkawis 193
162. Larangan memitran-sepeket karo wong Yahudi lan Nasrani lan akibate 194
163. Bebenduning Allah marang wong Yahudi 197
164. Tugas pokok Rasulullah s.a.w. 199
165. Pratelan saka ngarsaning Allah manawa sing sapa duwe 'itikad Nabi 'Isa a.s. iku Allah, iku hukume kafir 200
166. Mula bukane bebenduning Allah marang wong Bani Israil 201
167. Patembayane wong Yahudi lan Nasrani karo wong Mu'min 202

JUZ 7 203

168. Sumpah lan kaffarat (tebusan) 204
169. Padaleman suci Ka'bah iku saka-guruning Jagad-raya 205
170. Singkirana pitakon kang agawe rupek 207
171. Hikmahe wasiyat kalawan saksi 208
172. Sejarahe Nabi 'Isa a.s. 210

VI. AL AN'AAM

173. Dalil-tandha yekti ke-Esaan Allah, keyakinan iki akhire menang 214
174. Apa sababe kaum musyrikin padha kafir ? 215
175. Sosiologi-agama lan riset babagan agama 215
176. Transendensi ke-Tuhanan, lan tandha yekti Risalah Muhammad s.a.w. 216
177. Islam agama Risalah lan agama Da'wah 217
178. Kahanane wong-wong musyrik besuk ing dina Qiyamat 219
179. Kasampurnane ilmuning Allah kang Maha Wikan 222
180. Siksaning Allah kadhang kala dadakan 224
181. Ngitik-itik masyarakat 225
182. Tuntunaning Quraan punika damel gamblang 227
183. Lauhul Mahfuzh punika 'alam ghaib 227
184. Siksaning Allah kadhangkala awujud kajiwan 229
185. Dados tiyang Islam kedah aktif 230
186. Nabi Ibrahim a.s. ngipik-ipik masyarakat sarana dhasar Tauhid 231
187. Piwulang Tauhid Uluhiyah lan Rububiyah 233
188. Ummat kang wus diparingi Kitab, Hikmah, lan Kenabian 234
189. Laku doracara ing Allah lan larangan misuhi brahala 236
190. Wangkode wong musyrik lan tindak-tanduke marang Nabi s.a.w. 241

J U Z 8 241

191. Derajating manungsa iku sebab saka 'amale 245
192. Kaum musyrikin gawe-gawe tatanan ngemba-emba tatanan Agama 247
193. Dhawuh lan pepacuh sadasa perkawis (ten commandments) 252
194. Tumuruning Quraan sarana basa Arab 253
195. Maknanipun 'Ibadah 255
196. Paring pepenget Al Quran ing rembag ekonomi 258

VII. AL A'RAAF

197. Pangaji-ajining Allah SWT marang Nabi Adam a.s. lan tedhak turune 259
198. Trap susila ing panganggo, dhahar, lan ngunjuk 263
199. Sabab lan akibat nampa utawa nulak kautusing Rasul 264
200. Suci lahir tumekaning batin iku pituduh dalane suwarga 266
201. Piwalese wong kang atine ora suci 267
202. Tumitahe Langit lan Bumi 269
203. Artosipun 'ilmuning Allah SWT .....
204. Kapriye carane nenuwun marang Allah SWT 270
205. Tandha yekti kuwasaning Allah nguripake manch wong mati .....
206. Sejarahe Nabi Nuh a.s. 271
207. Caritane Nabi Hud a.s. 272
208. Caritane Nabi Saleh a.s. 274

209. Caritane Nabi ..n a.s. 275
210. Caritane Nabi Syu'aib a.s. 276

J U Z 9 . . . . . .

211. Sejarahe Nabi Musa a.s. 280
212. Piwulang t a u h i d iku fitrahing manungsa 296
213. Sanepane wong kang padha duraka ing ayating Allah 297
214. Islam agami t a u h i d . . . . . .
215. Sipate wong kang padha manggon ing Neraka 298
216. Siksaning Allah tumrap wong kang padha duraka 299
217. Mung Allah piyambak ingkang pirsa tumibane dina Qiyamat 300
218. Gusti Allah paring pepeling, sangkan paraning dumadining manungsa 301
219. Manungsa ora pantes nyembah brahala 302
220. Dhedhasare budi-pekerti kang utama 303

VIII. AL ANFAAL

221. Sejarah peperangan ing palagan Badar, Allah lan Rasul kang mernata pambageyane jarahan perang 306
222. Saweneh saka Sahabat ana kang emoh ndherek peperangan Badar 307
223. Dhawuh perang seperlu ambelani hak Da'wah Islamiyah lan kamardikan . . .
224. Larangan disertasi saka tugas (perang) 309
225. Larangan anggesehi pepacuhing Allah 310
226. Disiplin nindakake dhawuhing Allah lan Rasul, luwih-luwih nuju campuhing yuda . . . . . .
227. Khiyanat iku gawe kisruh, dene taqwa iku gawe begja 312
228. Kaum Musyrikin mungsuhi Nabi, lan kuwajiban merangi kaum musyrikin kanggo ngreksa Agamaning Allah! 312

J U Z 10 . . . . . .

229. Cara ambage jarahan perang 315
230. Pitulunging Allah ing kaum Muslimin ana palagan perang Badar 316
231. Ta'at ing komando, lan larangan umuk ngedak-edakake ana peperangan . . . 317
232. Dudu syetan yen ora cidra ing janji 318
233. Kahanan sawijining ummat iku gumantung tumindake dhewe 319
234. Musyrik iku dosa gedhe, lan caraning siaga ing yuda 320
235. Dhemen bedhamen, ananging uga tetep waspada lan siaga 321
236. Islam punika agami ingkang argumentatif 321
237. Diwurungake parjanjian dhame karo wong musyrik, mula wong Islam wus luwar saka ing tanggung jawab 326
238. Sebab-sebab parjanjian dhame dibatalake 328

239. Gawe rejaning Masjid (Ta'mirul Masjid) 330
240. Ummat Islam sarana pitulunging Allah menang ing palagan-palagan perang . 332
241. Tanduk kang adhedhasar kaantepane lan kapercayane wong Yahudi lan Nasrani 334
242. Wilangan sasi kang dimulyakake 335
243. Sejarahe perang ing palagan Tabuk, anjuran Jihad ing Dalaning Allah 336
244. Sajatine mung wong munafik kang ora budhal perang 337
245. Siyasatipun ahli fitnah 339
246. Tindak dhasar kaantepane wong munafik ing bab pembageyan sedhekah . . . 340
247. Angger-angger pambageyane Zakat 341
248. Pandakwane wong-wong munafik marang Nabi s.a.w. 342
249. Aksi drengki-sreine wong munafik 343
250. Janjining Allah marang para Mu'min 344
251. Kudu sikap tegas marang wong kafir lan munafik 345
252. Menang boten ngasoraken, dene manawi nglurug prasasat tanpa bala 345
253. Wong munafik manawa ikrar ora kena dipercaya 346
254. Ganjarane wong kang jihad (perang) 348
255. Pancen dhasare wong munafik iku emoh perang 349
256. Ingkang boten wajib milisi 349
257. Tengadur kang dibenerake dening syare'at Islam 350

JUZ 11 350

258. Panguwasa kang kawogan, uga wajib nglumpukake lan ambage Zakat 353
259. Donganipun tiyang nampi Zakat 353
260. Den waspada marang wong kang migunakake Mesjid kanggo piranti (topeng) 354
261. Ora pareng nyuwunake pangapura kanggo wong musyrik 356

IX YUNUS

262. Tandha yekti kaagunganing Allah ana saindhening jagad 361
263. Ilmu Falak utawi Astronomi 362
264. Ilmu lan tehnologi modern saking motivipun Wahyu Quraan 363
265. Secularism sanes cita-cita Negara Pancasila 364
266. Sanyata manungsa iku umat kang siji, kang ngrasuk Agama siji 367
267. Tumindake Allah iku tansah paring ni'mat lan rahmat 368
268. Allah kang nimbali marang Darussalam (Suwarga) 369
269. Dalih kapercayane wong musyrik kalah dening PanguwasaNe Allah 371
270. Kamurnening Quraan ditanggung dening Allah 372
271. Para andika Nabi Utusaning Allah 375
272. Kaduwunging manungsa ana ing Akherat 376
273. Tetiyang Mu'min ngugemi Kitabing Allah punika wajib 377
274. Kabeh tumindaking manungsa iku tansah kapriksa dening Allah SWT 378

kaca :

275. Wali-Walining Allah lan kabar ingkang anggembirakaken 378
276. Caritane Nabi Nuh a.s., Musa a.s., lan Yunus a.s. 380
277. Da'wah Pangajaking Islam 386

X. HUD

278. Katerangan Quraan dipun princi-princi 389
279. Dhawuh namung manembah ing Allah 389
280. Bedane sifating wong Mu'min lan wong kafir 391

J U Z 12 392

281. Gusti Allah sampun anyadhiaken national recourses (bahan pokok) 392
282. Kabeneraning Wahyu 393
283. Quraan katiti priksa saking ilmu sosial-budaya lan aestetika 394
284. Quraan dados sumber-hukum Diinul Islam ingkang ngrembaka dados dhasaring masyarakat utawi Negara-Negara Islam 395
285. Caritane Nabi Nuh a.s. 397
286. Caritane Nabi Hud a.s. 402
287. Caritane Nabi Shaleh a.s. 404
288. Kaum Tsamud tigang dalu tigang dinten ondro-wino dumadakan kasiksa dening Allah sabab nerak wewalering Agami 405
289. Caritane Nabi Syu'aib a.s. 409
290. Tepa tuladha saka sejarah para Andika Nabi 413

XI. YUSUF.

291. Ramanipun Yusuf a.s. inggih punika Nabi Ya'qub a.s., putranipun Nabi Ishak a.s., putranipun Nabi Ibrahim a.s. 418
292. Caritane Nabi Yusuf a.s. lan sedulur-sedulure 419
293. Nabi Yusuf a.s. digodha wanodya 422
294. Nabi Yusuf a.s. dikunjoro 424
295. Nabi Yusuf a.s. da'wah ana ing pakunjaran 426
296. Nabi Yusuf a.s. na'birake supena Raja Mesir 428
297. Nabi Yusuf a.s. diluwari saka pakunjaran 429
298. Skandal wanita sering damel gendra ing politik lan ekonomi 429

J U Z 13 430

299. Nabi Yusuf a.s. katemu maneh karo para sadulure 431
300. Nabi Yusuf a.s. katemu maneh kalawan wong tuwane loro 438
301. Do'a panuwune Nabi Yusuf a.s. 439

kaca :

302. Piwulang saka caritane Nabi Yusuf a.s. 440

XIII. AR RA'D 443

303. Kabenerane Al Quraan, lan tandha yekti kakuwasaning Allah, sarta 'IlmuNe kang Sampurna 443
304. Adhedhasar Wahyu lajeng tuwuh ilmu Eco development 444
305. Gumregah lan sirnaning Bangsa gumantung tandhuk dhasar kaantepaning .. 445
306. Tandha yekti ka-Esa-ane Allah SWT 446
307. Saben manungsa oleh piwales saka 'amal tumindake dhewe 448
308. Silaturahmi karana Allah nuwuhaken ikrar Sumpah Pemuda, sarta ambiyantu ageng Ketahanan Nasional 448
309. Akhlakul Karimah (Budi Pekerti Utama) wonten Wolung Marga 449
310. Saweneh sipat lan tumindake wong kang ingkar ing Allah 450
311. Katenanganing mentale wong kang padha iman 450
312. Kautuse para andika Rasul iku Sunnah Allah 451
313. 'Alam Donya horeg dening tumuruning Quraan 451
314. Sapa bae kang nyulayani Rasulullah bakal sengsara 452
315. Kaya apa mungguh gambarane Suwarga 452
316. Wong kang iman nampa Quraan kalayan paripurna 453
317. Bebrayan salaki-rabi ora pasulayan karo Karasulan 453
318. Saben kurun mesthi ana tantangan jaman lan jawabe 454

XIV. IBRAHIM 454

319. Quraan mimpin sakabehing umat manungsa ngambah dalan kang terang! ... 456
320. Nabi Musa a.s. sarta para andika Rasul sadurunge Nabi Muhammad s.a.w. iku mimpin umate dhewe-dhewe 457
321. Ing wiwitan kabeh kang bener ditulak! 458
322. Kawusanane nandhang kasangsaran tumrap umat kang nulak kabeneran ... 459
323. Sawuse Allah nibakake kaputusan pungkasan syetan ngakoni 461
324. Sanepane kabeneran lan kabatilan 462
325. Trajanging Pemimpin kang nyebabake rusaking umat 462
326. Panuwune Nabi Ibrahim a.s. 464
327. Hukume wong kang ambalela (zhalim) marang Allah 465
328. Kabeh paekane wong ala bakal cabar 466

XV. AL HIJR (WATU GUNUNG) 468

329. Kamurnenane Quraan lan kemenangane Islam ditanggung dening Allah SWT 468

J U Z 14 468

330. Kawasesaning Allah iku nglimputi sa'alam Jagad Pramudita 470
331. Kadadeyaning manungsa miturut Islam 472
332. Piwucal tauhid 474
333. Sejarahe Nabi Luth a.s. 476
334. Sejarahipun Nabi Syu'aib a.s. 479
335. Kabudayan relief Wadi Qura saking kaum Tsamud 479
336. Sejarahipun kaum Hijri utawi Tsamud 479
337. Kanugrahan agung kang kaparingake Nabi Muhammad s.a.w. 480
338. Kanjeng Nabi s.a.w. Panuntun Ummat Manungsa 481

XVI. AN NAHL (TAWON) 483

339. Alam jagad raya iku sawijining unit kang sawiji (golong gilig) dadi bukti Panguwasaning Allah 483
340. Gumedhe kumalungkung iku anjalari selak ingkar ing kabeneran 487
341. Wong kang pasang pangreka bakal ngrekasa 487
342. Ganjaran tumrap wong kang taqwa 488
343. Sirna dening pokal tumindake dhewe 489
344. Saben ummat duwe Rasul kang anerangake kabeneran 490
345. Ilmu Ushul Fiqh lan Ilmu Qaidah-Qaidah Ushul Fiqh 491
346. Kaprahe manungsa iku yen kepepet marga kejepit kasusuhan, lagi eling marang Pangeran ! 493
347. Ewah gingsiring masyarakat (social change) punika kenging pengaruh: fisis geografis, biologis, tehnologis, lan kulturil 493
348. Ora pantes wong musyrik nisbatake ing sawiji-wiji marang Allah 495
349. Kawruh ilmu lan tehnologi iku kapundhut saka 'Alam jagad raya 496
350. Wigatosipun toya maben saking tawon 497
351. Manungsa ingkang nembe kajembaran ing rezeki 498
352. Saben Rasul jumeneng saksi tumrap umate 501
353. Pokok-pokoking budi-pekerti kang utama 502
354. Ibu R.A. Kartini ujar gagasanipun adhedhasar Agami Islam 504
355. Allah luwih pirsa apa kang manfa'at lan cocok ing suwasana lan jaman 505
356. Al Quraan tansah dipun sinau wewados-wewadosipun dening para linangkung (intelek) 505
357. Pangan kang halal lan kang haram 507
358. Nabi Ibrahim a.s. iku tepa palupi kang becik 509

XVII. AL ISRA' (NGLAKOKAKE ING WAYAH BENGI) 512

J U Z 15 512

359. Isra' saka Mekkah menyang Baitul Maqdis minangka pakurmatan Nabi Muhammad s.a.w. 512
360. Rusake Bani Israil sabab ndaga dhawuh piwulange Kitab Taurat 513
361. Kitab Quraan nuduhake dalan kang luwih bener 514
362. Saben manungsa iku mikul tanggung jawab dosane dhewe 315
363. Tata-krama ing patembayan lan paguyuban ing masyarakat 517
364. Strategi dhasar panggulawenthah (pendhidhikan) Islam punika piwucal t a u h i d, bekti ing tiyang sepuh kalih, lan amal shaleh 517
365. Hukum qishash utawi Perdata Raja Pati 519
366. Wong-wong kafir ora bisa mangerteni Quraan 521
367. Kaingkarane kaum musyrikin duwe cara dhewe 522
368. Kaum kang ingkar mesthi kapatrapan siksa 524
369. Panggodhaning syetan nyababake manungsa dadi kafir 524
370. Elinga kanugrahaning Allah ing Samudera 526
371. Kaya kang kadadeyan marang para Andika Nabi ing jaman biyen, sapa bahe ambalela marang Nabi Muhammad s.a.w. bakal cilaka, cabar, lan kesasar! . . 527
372. Artosipun syukur ing Ni'mating Allah 528
373. Hijrah (pindhah) karana ngrungkebi Agami 528
374. Shalat wajib 5 wekdal 529
375. Shalat Tahajjud wonten Griya 529
376. Aksioma piwucal Islam 529
377. Quraan dados tamba-penawar 530
378. Roh utawi jiwa punika punapa ? 531
379. Tantangan Nabi Muhammad s.a.w. marang para manungsa kanggo nandhingi Quraan 531
380. Ingkare wong kafir lan carane nanggapi 533
381. Tepa palupi sarta pangalamane Nabi Musa a.s. iku minangka panglipuring panggalihe Nabi Muhammad s.a.w. 534

XVIII. AL KAHFI (GUWA) 537

382. Diancam tumrap wong kang duwe kapercayan manawa Allah iku kagungan putra 537
383. Caritane generasi Ashabul Kahfi 538
384. Dielikake kalawan alus tumrap Nabi s.a.w. aja mung mentingake da'wah kanggo panggedhe bae 543
385. Sanepa tumrap wong kang kasengsem lan kapusan dening Kadonyan 544
386. Warna-warnaning kahanan ing dina Qiyamat 547
387. Kawusanane tumrap wong nglirwakake pepelinging Allah 549
388. Nabi Musa a.s. marsudi ilmu marang Nabi Hidir a.s. 550
389. Nabi Hidir a.s. ambolongi prahu 552
390. Nabi Hidir a.s. mateni nom-noman 553
391. Nabi Hidir a.s. anjejegake temboking gedhong dhoyong 553
392. Hikmah pituture Nabi Hidir a.s. 554
393. Dzul Qurnain kalawan Ya'juj lan Ma'juj 555

394. Siksa tumrap wong musyrik lan ganjaran tumrap wong Mu'min 558
395. Jembaring 'ilmuNe Allah ora kinira-nira 559
396. Tekad lan kayakinaning Agami nuwuhaken iklas berkorban (DR.H.Moh.Hatta) 560

XIX. M A R Y A M 561

397. Do'ane Nabi Zakaria a.s. nyuwun digadhuhi momongan putra 561
398. Nabi Zakaria a.s. kaleksanan pinaringan putra ingkang asma Yahya 562
399. Yahya kajumengake dadi Nabi 563
400. Maryam anggarbini tanpa gepokan kakung 563
401. Wiyose Nabi 'Isa a.s. 565
402. Maryam kadakwa tumindak zina, Nabi 'Isa a.s. kang ambelani Ibune 565
403. Sejarahe Nabi Ibrahim a.s. lan Ramane 568
404. Sejarah para andika Nabi liya-liyane 569
405. Nabi Muhammad s.a.w. tedhak turunipun Nabi Isma'il a.s. 570
406. Pituwase wong kang ta'at ing Nabi lan kosok baline 572

XX. T H A H A 572

407. Nabi Musa a.s. nampa wahyu kang wiwitan 579
408. Mu'jizate Nabi Musa a.s. 580
409. Nabi Musa a.s. kadhawuhan da'wah marang Raja Fir'aun 581
410. Nabi Musa a.s. lan Harun a.s. budhal da'wah marang Raja Fir'aun 583
411. Allah SWT paring 'akal, instinct, sarta kodrat lingkungan dhumateng sadaya makhluk 585
412. Nabi Musa a.s. nungkulake para ahli sihir negara Mesir 586
413. Para ahli sihire Fir'aun malah padha iman 588
414. Bani Israil bebas merdika! 589
415. Munajatipun Nabi Musa a.s. 590
416. Samiri tumindak cidra 591
417. Samiri kapatrapan siksa 592
418. Tepa palupi saka sejarah umat jaman kuno 593
419. Kahanan ing dina Qiyamat 594
420. Nabi Adam a.s. lan Iblis kang mbalela 596
421. Hikmah katundhungipun Heyang Nabi Adam a.s. lan Ibu Hawa saking Suwarga 597
422. Ngitik-itik kasusilaning Bangsa 598
423. Nabi Muhammad s.a.w. ngasta leadership ing umatipun 599

XXI. AL ANBIYAA' (PARA ANDIKA NABI) 601

J U Z 17 601

424. Mula bukanipun kafir saking ketungkul suka-suka lan kumalungkung 603
425. Tumitahing Langit lan Bumi nuwuhaken kathah boboting 'ilmu 604
426. Pirang-pirang bukti kesalahane wong kafir-musyrik 605
427. Kitab anerangaken asal-usule makhluq 606
428. Sejarahe sabageyan para Andika Nabi 610
429. Gusti Allah paring berkah Negeri Asia Tengah 613
430. Pangadilanipun Nabi Dawud a.s. lan Nabi Sulaiman a.s. 615
431. Agami ingkang sumarah ing Allah 617

XXII. AL HAJJ (HAJI) 622

432. Gonjinging dina Qiyamat kang nggegirisi 622
433. Geneya padha mamang bakal tangi saka kubur ? 623
434. Geneya minggrang-minggring nindakake Agama ? 625
435. Neraka piwales tumrap wong kafir, Suwarga ganjaran tumrap wong mu'min . 627
436. Manasik Haji 628
437. Allah paring izin perang kanggo ambelani Agami utawi defensif aktif 631
438. Haji Mabrur 632
439. Jejer lan tugas pokok Rasul iku dadi juru pepeling 634
440. Ganjaran Suwarga tumrap Pahlawan (seda) Hijrah ing dalaning Allah 635
441. Ni'mat peparinging Allah tumrap sakabehing manungsa 636
442. Saben umat anduweni pranatan Agama (syare'at) kang tartamtu 637
443. Alasane wong kafir nyembah saliyane Allah iku ora maton 638
444. Agama Islam iku dudu Agama kang rupek 639

XXIII. AL MU'MINUN (PARA WONG MU'MIN) 641

J U Z 18 641

445. Kamenangan tumrap wong Mu'min 641
446. Stabil kaamanan sarta dinamis 641
447. Dumadining manungsa lan kauripan besuk ing Akherat 643
448. Supaya tetep lestari uriping manungsa Gusti Allah nitahaken 'Alam jagad raya, tetuwuhan lan rajakaya bebranahan (ternak) 644
449. Sejarah da'wahing para Andika Rasul 645
450. Tannur kados dene luwengan 646
451. Agama kaampil para Andika Nabi lan Rasul iku mung Agama kang sawiji .. 650
452. Gesang kita kedah ingkang tansah prayitna (ngatos-atos) 651
453. Sifate wong Muslim kang ikhlas 651
454. Ibadah punapa ingkang sampun kita tindakaken ! 652
455. Cathetan wau authentic ing Akherat 652
456. Wong kafir diwelehake lan diancam siksa 652

457. Wus ora kekurangan tandha-yekti saka Pangeran manawa kabeh manungsa ditangekake saka kubur, perlu diadili kabeh amal-tumindake nanging wong kafir tetep ora ngandel tur ngedak-edakake ! 655
458. Wonten tiga driya ingkang fital 655
459. Do'a mugi kareksa aja nganti dadi golongane wong Zhalim 657
460. Tuntunan kanggo nanggulangi mungsuh lan nyuwun reksa saka panggodhaning syetan 658
461. Lelakon kang ngebat-ebati besuk ing dina Qiyamat 659
462. Negari badhe tata-tentrem, sepi ing pamrih rame ing gawe (industri lan pertanian modern) sarana Berkahing Pangeran ingkang Murbeng Ngalam 661

XXIV. AN NUR (CAHYA) 663

463. Pengadilan Agama ngetrapaken hukum Li'an 664
464. Hukume andakwa wong wadon Islam zina 664
465. Ummul Mu'minin 'Aisyah r.a. kena fitnah 665
466. Asbabunnuzul (sabab musababipun) tumuruning Ayat 22 668
467. Tata krama lumebu omahing liyan 669
468. Sampun ngantos Negeri kita majeng ekonomi, tehnik, lan modern, sarta makmur, ananging kasusilan kita risak ! 670
469. Tatanan pasrawungan kang bares lan becik antarane priya lan wanita 670
470. Greteh supaya kawin (rabi, omah-omah) 671
471. Pepadhanging Quraan angliputi Langit lan Bumi, lir pendah Nuring Allah nggone amadhangi 'akaling insani 673
472. Manungsa kang begja antuk Nur berkahing Ilahy 674
473. Manungsa kang ora oleh Nur berkahing Ilahy 674
474. Kacabenggala panguwaseaning Allah 675
475. Bedane wong Mu'min lan wong munafiq nyuwun pangadilan hukum marang Rasul 677
476. Panguwasa kang dijanjekake dening Allah kaparingake wong kang bekti lan nindakake kabecikan 678
477. Artosipun "Baldatun thayyibatun wa Robbun Ghafuur" 679
478. Piwulang tata-krama ing bale-griya 680
479. Tata krama sesrawungan wong-wong Mu'min kalayan Rasulullah s.a.w. lan carane musyawarah 682
480. Allah nitahake sakabehing kahanan lan barang sarana sarwa becik (harmonis) 684

XXV. AL FURQAAN (PANYILAHING PRAKARA) 684

481. Wong-wong kafir padha andakwa palsu marang Al-Quraan 685
482. Artosipun Islam Agami Tauhid 685
483. Wong kafir padha eram dene Rasulullah iku manungsa lumrah 686
484. Allah SWT wawancara kalayan sesembahane wong kang kafir ing dina Qiyamat 687

485. Para andika Rasul iku saka manungsa biasa (lumrah) 688
486. Piwalese wong kang maido marang Al-Quraan besuk ing dina Qiyamat 689
487. Tepa palupi saka cecritane ummat zaman kuna 691
488. Tandha yekti kuwasaNe Allah ing 'alam kabeh 693
489. Ringgit Wacucal punika ada-adanipun para Wali kagem Da'wah 694
490. Sipat-sipating manungsa kang utama (oleh kamulyan) 697
491. Asta-Marga bebuden ingkang Utami 697
492. Sarana Tirakat Modern 697

XXVI. ASY SYU'ARA' (PARA PUJANGGA) 701

493. Nabi Musa a.s. kadhawuhan Da'wah marang Raja Fir'aun 702
494. Wawancara antarane Musa a.s. lan Fir'aun 703
495. Dhawuhing Allah SWT marang Musa a.s. supaya nylametake Bani Israil 708
496. Pawarta (carita)ne Nabi Ibrahim a.s. 709
497. Warta (carita)ne Nabi Nuh a.s. kalayan kaume 713
498. Sejarahe Nabi Hud a.s. 715
499. Sejarahe Nabi Shaleh a.s. 716
500. Sejarahe Nabi Luth a.s. lan ummate 719
501. Sejarahe Nabi Syu'aib a.s. 720
502. Dhawuhing Allah supaya pepeling marang Kulawarga lan lembah manah marang Mu'minin 722
503. Tangkep tawadhu' (andhap asor) punika kekasihipun Allah SWT 724
504. Ilmu "Future oriented" punika penting 725
505. Pujangga tukang ngrumpaka iku omonge kemrusuk kaya udan sawengi 726

XXVII. AN NAML (SEMUT) 728

506. Musa a.s. lan Muhammad s.a.w. karone nampa Kitab Suci saka ngarsaning Allah SWT 729
507. Nabi Sulaiman a.s. maris Kratone Nabi Dawud a.s. 730
508. Nabi Sulaiman a.s. wawan ngandikan karo manuk Hud-Hud (Kuthilang) ... 731
509. Ratu Bulqis semantan marang para panggedhene 733
510. Nabi Sulaiman a.s. jumeneng Nata Agung Binathara ing Kerajaan Palestina .. 735
511. Anggone tumindak ingkar kaume Nabi Shaleh a.s. iku kang dadi tepa palupi. 736

J U Z 20 738

512. Dhawuh nyukuri ni'mat sarta manembah ing Allah 738
513. Bengawan toya tawa lumebet Samudera toya asin 739
514. Wong-wong kafir padha blalak ing dina ditangekake saka kubur 740
515. Kanabiane Muhammad s.a.w. lan Al-Quraan dadi bukti kabenerane 741
516. Dahuru ing wektu tekane dina Qiyamat 742

XXVIII. AL QASHASH (CARITA-CARITA) 745

517. Sejarahe Nabi Musa a.s. lan Fir'aun sawijining bukti kabeneraning Al-Quran . 745
518. Nabi Musa a.s. dikintirake ing Bengawan Nil kanggo nylametake ummate .. 746
519. Musa a.s. diparingi ilham lan hikmah amrih sarwa sawega jumeneng Rasul .. 747
520. Musa a.s. oleh iguh pratikel supaya lunga saka Mesir 749
521. Musa a.s. kundur menyang Mesir lan nampa Wahyu kanggo Da'wah marang Fir'aun 751
522. Prototype angger-angger gono-gini ing Syari'at Islam 751
523. Musa a.s. nyuwun supaya sadulure Harun a.s. dadi pembantu utama, Gusti Allah marengaken 752
524. Judhas lan gumedhene Fir'aun 753
525. Kitab Taurat kawahyokake kanggo pimpinan Bani Israil 754
526. Sanajan biyen nyuwun, wong-wong kafir puguh ingkar ing bukti kang nyata 756
527. Hamung Allah piyambak kang Kuwasa paring taufik marang kawulane supaya iman ! 757
528. Gusti Allah babar pisan ora nyirnakake Negarane (ummat) kajaba wus karawuhan Rasul 758
529. Kauripan Donya iku kasenengan sadhela manawa katandhing kahuripan Akherat kang abadi 758
530. Sangga runggi iku kapitunan tumrap wong musyrik, nanging kamenangan tumrap wong Mu'min 759
531. Gusti Allah pribadi kang namtokake sakabehe kadadeyan 760
532. Kededel saka hawa nafsu wong musyrik nyakuthokake Allah SWT 761
533. Caritane Qarun lan kasugihane pantes dianggo pitutur 762
534. Qarun pamer karnaval ageng-agengan ngungkuli Raja 763
535. Amal kabecikan siji diganjar pirang-pirang pahala 764
536. Janji Allah arsa menangake Muhammad s.a.w. ing kaume 764

XXIX. AL 'ANKABUT (KEMLANDHINGAN) 766

537. Wong kang tumemen usaha, bakal ngrasakake manfa'ate 767
538. Ibu–Bapa kang mrentahake musyrik ing Allah kudu disulayani 767
539. Tanduk adhedhasar kaantepane wong kang ringkih imane yen kena coba ... 768
540. Coba tumrap Nabi Nuh a.s. Nabi Ibrahim a.s. lan Nabi Luth a.s. 768
541. "Wataq tha'uunas sabiil" (ngrampok, gemblak lan sedheng) 772
542. Coba tumrap Nabi Syu'aib a.s. 773
543. Coba tumrap Nabi Musa a.s. 774
544. Nglawan kabeneran musthi bakal nemahi karusakan 774

J U Z 21 775

545. Al-Quran nuceni Jiwa, Shalat nyegah laku ala lan nyantosakake iman 775
546. Tata krama perbantahan (dhebat) utawa rerembugan 775

547. Siksaning Allah iku mesthi teka ing wektune 777
548. Urip ana ing Akherat iku urip kang sejati 777
549. Gusti Allah kang namtokake paring rezeki marang sakabehing titah 778
550. Ing sajeroning bebaya manungsa ngakoni Kakuwasaning Allah 779
551. Gusti Allah nanggung kaamanan ing Tanah Suci 779

XXX. AR RUUM (BANGSA RUMAWI) 781

552. Negari Rumawi Wetan lan Negari Persi (Iran sapunika) 781
553. Sapa kang nulayani (nglawan) marang Nabi Muhammad s.a.w. bakal sengsara, kaya kaum zaman kuno kang padha nulayani Nabi zaman kuno 782
554. Bukti kebenerane dina ditangekake saka kubur, lan penggolongane wong ing dina Qiyamat iku Mu'min lan kafir 783
555. Bukti-bukti kabenerane Allah SWT kang sumebar ana ing 'Alam Jagad Raya 785
556. Sawijining sanepa kang ana ing dumadining manungsa ambuktekake Gusti Allah iku Sawiji 786
557. Miturut fitrahe manungsa iku Agamane Tauhid (Iman yen Gusti Allah iku Sawiji) 787
558. Sifat-sifate manungsa kang cinacad 788
559. Apa pituwase tumindak becik lan ala ? 789
560. Nyatitekake 'Alam nambahi kayakinan marang Allah SWT 790
561. Manfa'atipun energi angin dening Pusat Teknologi Dirgantara Lembaga Penerangan lan Antariksa (Dr. Ir. Harijono Djojodihardjo) 791
562. Akeh bukti kakuwasane Allah SWT nguripake wong-wong mati, lan kahanane para manungsa besuk ing dina Qiyamat 792
563. Padha memikira tamsil ibarat (sanepan) ing Quraan 794

XXXI. LUQMAN 795

564. Nasihat Luqman al-Hakiim marang putrane 797
565. Allah Maha Alus, punika kados pundi menggah maksudipun ? 798
566. Watak Satriya punika prasaja (bares, beres, lan jujur) 798
567. Kakuwasaning Allah iku mutlak, lan sing sapa ingkar bakal katiwasan 799
568. Artosipun Allah iku Pangeran kang haq 801

XXXII. AS SAJDAH (SUJUD) 803

569. Kitab Quraan dudu gaweane Muhammad s.a.w. 803
570. Mangsa diciptane 'Alam Jagad pramudita 803
571. Proses tumitahing manungsa lan anggone ditangekake saka kubur besuk Qiyamat 804
572. "Addiiwan al Kaatib" kadosdene Menteri Sekretaris Negara zaman Khalifah II ('Umar bin Khattab r.a.) 804

573. Sawijining tata-bandhing antarane wong Mu'min lan wong kafir 805
574. Shalat Tahajud (Shalat dalu) shalatipun tiyang prihatos 806
575. Dhawuhing Allah supaya nampa Al Quraan tanpa mamang maneh 808

XXXIII. AL AHZAB (BERGADA MUNGSUH PERANG) 810

576. Taqwa lan tawakkal ing Allah SWT 810
577. Hukum dzihar lan anak pupon 810
578. Jejering sambungan trah (sanak) ing hukum waris 811
579. Allah SWT ambiyantu front kaum Muslimin ing Perang Ahzab 812
580. Katamtuan-katamtuan Allah tumrap garwa Nabi Muhammad s.a.w. 817

J U Z 22 818

581. Sipat-sipate wong kang padha Mu'min lan kuwajibane marang Rasul 819
582. Miturut pernatan hukum syari'at Islam anak angkat iku ora padha karo anak dikandhut 820
583. Kuwajiban tansah eling ing Allah 821
584. Muhammad s.a.w. iku Rasulullah tumrap kabeh umat manungsa 821
585. Wanita kang ditalaq durung saresmi ora nganggo 'iddah nanging kudu diwenehi bebungah 822
586. Wanita sing halal dinikah 822
587. Nabi pareng milih ing antarane garwa-garwane, endi kang terus digarwa lan endi kang diluwari 823
588. Nabi ora pareng nikah maneh, sawuse tumurune ayat iki ! 824
589. Ngaturaken shalawat benten kalayan ngaturaken salam, dhumateng Kanjeng Nabi s.a.w. 825
590. Ancaman tumrap wong munafik lan wong kang gawe rerusuh ing Madinah . 826
591. Hamung Allah pribadi kang Nupiksa dina manungsa ditangekake saka kubur 827
592. Perang Ahzab utawi Khandak angginakaken taktik strategi perang jagang-jero, makaten ugi Sulthan Agung ing Mataram 830

XXXIV. SABA' (KAUM SABA') 831

593. Zaman Nabi Dawud a.s. sampun Kurun Tosan (Jaman Wesi) 833
594. Bangsa Saba' digadhuhi Negara Tata Raharja (Makmur) 835
595. Sesembahan-sesembahan saliyane Allah ora duwe panguwasa sithik-sithika . . 836
596. Risalah Muhammad s.a.w. iku universal 838
597. Wong kafir padha ingkar lan apa pituwase besuk ing dina Akherat 838
598. Dipratelakake dening Allah SWT Risalah Muhammad s.a.w. lan kuwajibane . 842

XXXV. FAATHIR (PANYIPTA) 845

599. Janjining Allah mesti kaleksanan 846
600. KakuwasaNe Allah wus gumelar ing madyaning Alam Jagad Raya 847
601. Hamung Allah piyambak kang Maha Sugih (ora ambutuhake liyan berayan) . 849
602. Saben manungsa mung mikul dosane dhewe 849
603. Hamung wong-wong iku kang padha anduweni 'ilmu kang wedi ing Allah! .. 851
604. Ummat ingkang maris Al-Quraan wonten tigang golongan 852
605. Kabeneraning Allah lan ora kuwasa apa-apa sesembahan saliyane Allah 854
606. Darmawisata ilmiyah kanggo neliti kakuwasaning Allah ing Bumi 855

XXXVI. YAA SIIN 857

607. Sistimatika Hukum Asas ing Quraan wonten tiga 857
608. Sabab nglirwakaken pepeling saka ngarsaning Allah, wong kafir mau disiksa . 858
609. Carita warga sawijining Kutha Antiyoki kang migunani warganing kutha Mekkah 859
610. Muballigh-ipun Nabi 'Isa a.s. 860

J U Z 23 861

611. Diterangake sarana gamblang tumrap wong kang ora iman 862
612. Pertandha Maha Kuwasaning Allah SWT 862
613. Ubenganing lampah Rembulan dados etangan Tahun Kalender Jawi 864
614. Swasanane wong kang padha Mu'min ing dina Qiyamat 866
615. Wong kang ora padha iman diwelehake dening Allah 867
616. Muhammad s.a.w. iku dudu wong ahli sya'ir 868
617. Purba wasesaning Allah nangekake manungsa ing dina Qiyamat 869

XXXVII. AS SHAFFAAT (KANG PADHA LELARIKAN) 872

618. Jiwa Tauhid nuwuhaken kamerdikaning Jiwa manungsa 872
619. Punapa saged manungsa mangertos ghaib utawi mangerti sadurunge winarah ? 873
620. Gusti Allah ngrubuhake dalil-dalile wong musyrik 874
621. Kahanane wong-wong musyrik ing Akherat 875
622. Kahanane wong kang padha Mu'min ana ing Suwarga 877
623. Woh-wohan thethukulan zaqqum ing Neraka iku pangan kanggo wong ahli Neraka 879
624. Pituwase ummat jaman kuna kang ambangkang ing kabeneran 880
625. Gusti Allah marengake panyuwune Nabi Nuh a.s. 881
626. Nabi Ibrahim a.s. ngrubuhake brahala reca ! 882
627. Asal usule 'Ibadah Qurban, Nabi Isma'il a.s. di Qurbanake ! 884

628. Kabar gembira lahire Ishaq a.s. 885
629. Allah paring ni'mat marang Nabi Musa a.s., Harun a.s., Ilyas a.s., Luth a.s., lan Yunus a.s. 885
630. Basa dhaerah Yaman ing antawisipun "Ba'la" 887
631. Nabi Ilyas a.s. asma kinasih Ilyasiin 887
632. Nabi Yunus a.s. nate kateter imanipun kacaplok ulam ageng ing Saganten .. 888
633. Ora pantes manawa Gusti Allah iku kagungan putra 889
634. Wong-wong musyrik lan sesembahane ora duwe daya apa-apa 891
635. Para andika Rasul lan pandherek-pandherek bakal nemoni kabegjan jati ... 892
636. Kenging punapa Pemimpin lan ingkang dipun pimpin angsal kamenangan ? . 892
637. Sering wekdal enjing uthuk-uthuk kangge nyerang pangkalan mengsah 893

XXXVIII. SHAAD 894

638. Nabi Dawud a.s. kena cobaning Allah 896
639. Nabi Sulaiman a.s. kena cobaning Allah 899
640. Kasabarane Nabi Ayub a.s. 901
641. Rama lan Ibu ingkang sami-sami sabar tamtu dados Kulawarga Bahagia 901
642. Pandherek-pandhereke para Nabi kang pinaringan ganjaran saka ngarsaning Allah 902
643. Siksa tumrap wong kang padha ambangkang marang para andika Rasul 903
644. Adam a.s. lan panggodhaning syetan 905

XXXIX. AZ ZUMAR (ROMBONGAN) 908

645. Teori Ilmu Kebidanan kasebat ing Ayat 6 909
646. Tata-tandhing antarane si Mu'min karo si kafir 911
647. Toya menggahing ngagesang kalebet bahan energi 913
648. Wong kafir bakal kapatrapan siksa Neraka, dene wong kang nindakake amal shaleh bakal nemu kabekjan jati 915

JUZ 24 915

649. Wong Mu'min iku mung tawakkal marang ngarsaning Allah 916
650. Syafa'at iku mung ana astaning Allah piyambak 917
651. Salah sijine sifating manungsa kang ala 919
652. Mung Allah piyambak kang namtokake qadar rezeki ing kawulane 919
653. Nyata beda antarane wong kang taqwa ing Allah lan wong kafir kang anggo-rohake Agama 921
654. Katerangan Allah iku kang Murbawasesa besuk dina Qiyamat 921
655. Surat Ghaafir ugi kawastanan surat Ath Thaul (Dzat Ingkang kagungan Kanugrahan) 924

XC. GHAAFIR (AL MU'MIN) 925

656. Islam ambiyantu kemajengan tehnik modern sauger tetep manungsa punika taqwa ing Allah SWT 925
657. Kuwajibaning para manungsa iku mung 'Ibadah marang Allah 927
658. Tepa tuladha saka sejarah parjoangane Nabi Musa a.s. 929
659. Mung karana tekebur manungsa iku ingkar lan ambangkang marang Allah .. 936
660. Para andika Rasul iku ana kang sejarahe kasebut ing Quraan, ana kang ora .. 940
661. Akeh suri tuladha saka sejarah ummat jaman kuna 940
662. Prof. Albert Einstein ing kitab "Out of my later year" 941
663. Iman nalika siksa wus teka, ora piguna! 941

XCI. FUSHSHILAT (KANG DIGAMBLANGAKE) 942

664. Katerangan tumitahipun Bumi kalih dinten! 943
665. Pepeling tumrap wong Quraisy Mekkah bab lelakone kaum 'Aad lan kaum Tsamud 944
666. Piwalesing Allah marang wong kafir, lan paring ganjaran marang wong Mu'min 948
667. Nglayat (ta'ziyah) punika do'a sasampunipun janazah dipun kubur! 949
668. Quraan iku pituduh lan tamba 950
669. Wiwitanipun Islam sumiyar ing Mekkah tahun 612 Masehi 955

XCII. ASY SYUURA (MUSYAWARAH) 956

670. Para Malaikat nyuwunaken pangaksama ing ngarsa dalem Allah kanggo manungsa ing Bumi 956
671. Al Quraan iku pepeling kang universal kanggo manungsa saJagadrat 957
672. Kabeh pasulayane para manungsa bali ana ngarsaNe Allah piyambak 958
673. Allah paring pangaksama sabagean akeh saka dosane para kawulaNe 963
674. Wajib musawarah ngrembug prakara Donya! 965
675. Sabar lan aweh ngapura iku luwih becik tinimbang males 965
676. Musawarah utawi rerembagan ingkang nglimputi kabetahaning ngakathah .. 965
677. Wong-wong kang diuja dening Allah sasar, ora bakal oleh Pemimpin kang nuduhake dalan bener! 966

XCIII. AZ ZUKHRUF (RERENGGAN) 970

678. Kaingkarane wong musyrik iku mung jalaran anggone puguh nindakake tradisi kuna 972
679. Nabi Ibrahim a.s. iku dhemen marang Leluhure, nanging Panjenengane nglawan marang tradisine 975

680. Kasugihan lan rerenggan iku kani'matan urip Donya dene Kabegjan jati iku ing Akherat, kang bisa kagayuh dening taqwa 976
681. Marsudi kani'matan Donya sarana margi ingkang halal, sesarengan marsudi ing Akherat sarana ikhlas 977
682. Tumpes tapise Fir'aun supaya dadi tepa tuladha ummat saDonya 978
683. Nabi 'Isa a.s. putrane Maryam ajak-ajak ummate iman ing Allah SWT 981
684. Memitran adhedhasar taqwa ing Allah 982
685. Karaharjan jati kang dini'mati ahli Suwarga, lan kasangsaran kang tansah disandhang dening ahli Neraka 983

XCIV. AD DUKHAAN (PEDHUT) 987

686. Jalaran wong musyrik tetep ingkar, Allah nurunake siksa 989
687. Sejarah Fir'aun lan Musa a.s. dadi piwulang penting tumrap si kafir! 989
688. Bangsa Yahudi sasampunipun Perang Donya II ngebroki ing Tel Aviv, Jaffa – Palestina, ngusir tiyang Palestina 990

XCV. AL JAATSIYAH (KANG JENGKENG) 996

689. Ala lan becik tumindake manungsa, bali marang tanggung jawabe dhewe . . . 998
690. Sifat-sifatipun Muhammad s.a.w. kasebat ing Kitabipun Ahli Kitab 999
691. Ora ana kang bisa nenuntun marang wong kang ngumawula hawa nafsune . . 1000
692. Ana ing dinaning ummat manungsa dihisab, dheweke padha lungguh jengkeng karo maca buku cathetan amale dhuk nalika urip ana ing Donya 1001
693. Kaum Ar Rab'ul Khalli kaumipun Nabi Hud a.s. 1003

XCVI. AL AHQAAF (PAGUNUNGAN WEDHI) 1004

J U Z 26 1004

694. Abdullah bin Salam punika tiyang Yahudi lumebet Islam 1006
695. Kuwajibaning manungsa bekti marang Rama lan Ibu 1007
696. Hikmah dhawuh bekti tiyang sepuh kalih, sasampunipun dhawuh 'Ibadah lan Tauhid ing Allah 1008
697. Rusak sirnaning kaum 'Aad 1009
698. Sumiyaring piwulang Al Quraan marang golongan para jin 1011

XCVII. MUHAMMAD (NABI MUHAMMAD S.A.W.) 1014

699. Sikepe wong Mu'min ngadhepi wong kafir ana ing madyaning palagan 1014
700. Wong-wong Mu'min mesthi menang, lang wong kang padha kafir mesthi asor 1014

701. Tiyang munafik ngremehaken panyuluhan piwucalipun Nabi s.a.w. 1017
702. Ancaman tumrape wong munafik lan wong murtad 1018
703. Wigatosipun surat Al Fat-h (Kamenangan) 1022

XCVIII. AL FAT-H (KAMENANGAN) 1023

704. Gapura kamenangan ing Perjanjian Dhame Hudaibiyah 1023
705. Cacad gedhe tumrap wong kang wedi labuh ing Agama 1025
706. Nabi s.a.w. ngampil Panji Syahadatain ginarebeg bhinayang kari sarana maos Talbiyah lumebet negari Mekkah 1025
707. Wadyabala Quraisy kafirin gadhah panyana awon ing Nabi s.a.w. 1026
708. Allah maringake karidlaNe marang wong kang ndherek Bai'aturridhwan lan bakal menang! 1028
709. Kabenerane sumpenane Rasulullah s.a.w. lumebu Mekkah kalayan aman dhame ! 1030
710. Allah SWT piyambak ingkang paring pitedah sami gemridig lumebet Islam ing Futuh Mekkah 1030

XCIX. AL HUJURAT (KAMAR KAMAR) 1032

711. Tatakrama dhumateng Rasulullah s.a.w. 1032
712. Intelijen Negara lan stabilisasi kaamanan iku kang kawogan Pamarintah kabantu Masyarakat 1033
713. Sekabat Khalid bin Walid pemimpin intelijen ingkang sukses 1033
714. Cara ngrampungake peperangan ing kalangan ummat Islam 1034
715. Pepacuh nyana ala, moyoki, nenacad lan liya-liyane. 1035
716. Wigatosipun ngaturi: "Dhuh, para sedherek Muslimin!" 1035
717. Para manungsa tinakdir dadi pirang-pirang bangsa, supaya padha wewanuhan 1036
718. Ciri-cirining iman kang sejati 1036

C. QAAF 1038

719. Kedadean-kedadean 'alam sakiwatengene manungsa iku ambuktekake bakal anane dina tangine saka kubur 1039
720. Piwulang saka kadadeyane ummat jaman biyen kang ambalela ing Allah ... 1040
721. Solah bawa, dalah muna lan munining para manungsa dicathet permati dening Malaikat 1041
722. Ganjaran tumrap laku becik lan laku ala 1043
723. Ancaman tumrap wong kang maido dina ditangekake saka kubur 1044

CI. ADZ DZAARIYAAT (ANGIN KANG NIUP) 1046

724. Kuwaosing Allah amarnata lan gilir anggumantekaken rinten-dalu, angin prahara angin sumilir 1046
725. Tumitahing Langit punika sineksenan dening dirgantara bilit ing awiyat rinengga Lintang kasawang saking raosing aestetika 1047
726. Sejarah para ummat jaman kuna kang anggorohake para Andika Rasul 1049

J U Z 27 1050

727. Tumitahing taqdir wonten rerakitan, rina lan dalu, awon lan sae, Donya lan Akherat lsp..... 1052
728. Allah SWT boten ngersakaken dicaosi sesaji dhahar 1054
729. Baitul Ma'mur punika artosipun Ka'bah 1055

CII. ATH THUUR (PAGUNUNGAN) 1055

730. "Ing jero lemah ana kang mawa geni" dipun garap Sarjana Ahli Bangsa Indonesia dados Gas Alam Encer (Liquefied Natural Gas) 1057
731. Putra wayah ingkang sami iman lan amal shaleh badhe saderajat ing Suwarga kalayan Rama Ibunipun 1059
732. Paring panduwaning Allah tumrap guneman ngayawara saka wong musyrik . 1061
733. Sadaya titah (makhluk) saged dipun penggalih sarana logika 1062
734. Saweneh bukti Agami Islam punika agami ingkang leres 1063
735. Laku kang utama sarta prihatin yaiku sabar, shalat bengi lan maca tasbih utawa do'a ing wayah bengi 1064

CIII. AN NAJM (LINTANG) 1065

736. Allah duka marang wong musyrik kang nyuwun syafa'at marang Malaikat .. 1068
737. Wong kang padha rumeksa saka dosa gedhe, Allah paring pangapura lan piwales becik 1068
738. Al-Quraan ngaturaken deklarasi Donya 1070
739. Lintang Syi'ra katingal nyremomong ing wanci Ketiga 1071
740. Tiyang musyrik usrak-usrek damel gendra lan integrasi kaliyan syetan ingkang dhasaripun kafir 1072

CIV. AL QAMAR (CANDRA) 1073

741. Mujizat sigaring Rembulan ugi katingal saking Negari Cina 1074
742. Sirna gempang kaum 'Aad 1076
743. Tumpes tapis kaum Tsamud 1077
744. Kaum Luth sirna dening pokale dhewe kang ala 1078
745. Fir'aun lebur tanpa dadi dening tumindake pribadi 1079

746. Pepeling marang wong musyrik, yen dheweke iku ora luwih digdaya tinimbang wong kuna 1080

CV. AR RAHMAAN (DZAT KANG MAHA MURAH) 1082

747. Kados pundi sumungkemipun 'Alam jagad raya ing ngarsa dalem Allah? ... 1082
748. Traju kaadilan ing Awiyat Langit punika ilmu "balance power" 1083
749. Petangan Sarjana Ahli Ilmu Falak 1084
750. Pepelinging Allah tumrap wong kang laku duraka ! 1086
751. Ganjaran tumrap wong kang padha taqwa 1088

CVI. AL WAAQI'AH (DINA QIYAMAT) 1093

752. Golongan tengen, golongan kiwa, lan wong kang luwih dhisik taqwa 1094
753. Ganjaran tumrap wong kang luwih dhisik iman lan tansah bebalapan 'amal shaleh 1094
754. Ganjaran tumrap golongan tengen 1096
755. Siksa tumrap golongan kiwa, lan diwelehake marang dheweke 1097

CVII. AL HADID (WESI) 1105

756. Sakabehing barang iku hakekate Allah kang kagungan, mula sapa kang anggadhuh kekaya lan kawibawan aja owel dimanfa'atake ing dalaning Allah 1105
757. Allah SWT punika ingkang dihin tanpa purwaka 1106
758. Gontas gantosing wanci Ketiga lan Rendheng 1106
759. Falsafah Islam ing hukum hak milik pribadi 1107
760. Wesi (steel) iku Kanugrahaning Allah, pokok kakuwatan kanggo Bangsa lan Agama 1111
761. Ora ana rahbaniyah (ada-ada mandhita) ing Agama Allah 1112
762. Kanjeng Nabi Dawud a.s. pelopor angginakaken Industri Awrat 1113

CVIII. AL MUJAADALAH (WANITA KANG NGAJOKAKE GUGATAN) 1114

J U Z 28 1114

763. Saweneh aturan Nikah Talak Rujuk 1114
764. Cacad gedhe tumrap wong kang gawe rembugan wadi kanggo mungsuhi Islam 1116
765. Tatakrama musyawarah ana ing Majlis kalawan Nabi s.a.w. 1117
766. Pepacuh ngangkat Pemimpin saliyane wong Islam 1118

CIX. AL HASYR (PENGUSIRAN) 1122

767. Hukum rampasan (fai') 1123
768. Wong munafik ora netepi janjine marang wong Yahudi 1125
769. Munafik golonganipun Abdullah bin Ubai 1126
770. Pepeling utama 1127
771. Tiyang fasik punika tiyang mangertos nanging malah nerjang 1127
772. Asmaa ul husna utawa Sifat-sifating Allah kang Maha Agung 1128

CX. AL MUMTAHANAH (WADON KANG DITETER) 1130

773. Pepacuh nyuwunaken pangapunten Tiyang sepuhipun ingkang musyrik ... 1131
774. Hubungan antarane wong Islam kalawan wong kafir kang ora mungsuhi Islam ora dilarang 1132
775. Ghanimah perang dipun bage gangsal golongan 1133

CXI. ASH SHAFF (BARISAN) 1135

776. Dedalane anggayuh kamenangan 1135
777. Jer basuki mawa beya, karana labuh Agamaning Allah 1137
778. Organisasi Da'wah ingkang asifat "amar ma'ruf nahi mungkar" 1137

CXII. AL JUMU'AH (SHALAT JUM'AT) 1139

779. Kautuse Kanjeng Nabi s.a.w. iku dadi Rahmating Allah tumrap ummat manungsa 1139
780. Pepenget tumrap wong Islam, aja kaya wong Yahudi kang ora ngamalake Kitab Taurat 1140
781. Pranatan hukum bab Shalat Jum'ah 1141

CXIII. AL MUNAAFIQUUN (WONG WONG MUNAFIK) 1143

782. Sifat-sifat (identitas) watake wong munafik 1143
783. Sanepanipun tiyang munafik 1144
784. Sipat-sipat kang padha ing antarane watake (identitas) wong Mu'min 1145

CXIV. AT TAGHAABUUN (DINA DIKATONAKE KEKALAHAN) 1147

785. Sing prayitna urip sepisan ing 'alam Donya 1149
786. Bapak kabiyantu Simah tanggel jawab balegriya 1150
787. Balegriya kedah wonten salebeting kondisi pendidikan Agami 1150

788. Artosipun ngutangi kabecikan marang Allah 1151

CXV. ATH THALAQ (TALAK) 1152

789. Aturan talak sarta masalah-masalahipun 1152
790. Tanggel jawabipun nafakah kangge tiyang miskin 1154
791. Pranatan kang diampil Rasulullah s.a.w. iku murakabi Karaharjaning ummat Manungsa! 1155

CXVI. AT TAHRIM (NGARAMAKE) 1157

792. Dhawuh jihad lan tobat 1159
793. Sanepane garwa kang becik lan kang ala 1159

CXVII. AL MULK (KERAJAN) 1161

J U Z 29 1161

794. Kerajaaning Allah nglimputi kerajaaning Donya lan Akherat 1161
795. Wong kafir nandhang sengsaraning siksa ing Akherat 1162
796. Paring sih ganjaraning Allah tumrap wong kang padha Mu'min 1163
797. Wong kang padha kafir diancam dening Allah 1164

CXVIII. AL QALAM (GAGANG PEN) 1167

798. Cobaning Allah tumrap wong kafir kaya kang kapatrapake marang wong kang darbeni kebon 1169
799. Allah ora ngersakake wong becik padha karo wong ala 1171
800. Hypnotisme ing jaman Jahiliyah 1174

CXIX. AL HAQQAH (DINA QIYAMAT) 1175

801. Lelakon anggegirisi besuk ing dinaning Qiyamat 1177
802. Sangating manungsa dihisab ing dina Qiyamat lan lelakon sawuse 1177
803. Sanyata Quraan iku dhawuh Wahyune Allah 1180

CXX. AL MA'AARIJ (DALAN KANG MUNGGAH) 1182

804. Wus dadi kapesthian manawa siksa iku kapatrapake marang wong kafir 1182

kaca

805. Piwulang Islam kanggo anggula wenhah sipat alaning manungsa 1184
806. Siksa kang banget gawe nistha bakal kapatrapake marang wong kang nggorohake ing Allah 1186

CXXI. NUH (NABI NUH) 1188

807. Nabi Nuh a.s. ngaturkae ruwet rentenging kaume marang Allah 1189
808. Sultan Agung Prabu Hanyokrokusumo iyasa Kalender Jawi adhedhasar kalender Hijrah Nabi s.a.w. 1190

CXXII. AL JIN (JIN) 1194

809. Jin miebu Islam sawuse krungu Quraan diwaca 1194
810. Pangipuk-ipuking Allah ing wahyu kang katurunake marang para andika Rasul 1197

CXXIII. AL MUZZAMIL (WONG KANG KEMULAN) 1200

811. Wajib Shalat Tahajjud (bengi) tumrap Nabi Muhammad s.a.w. 1200
812. Warna-warna pituduh tumrap Nabi Muhammad s.a.w. 1201
813. Pirang-pirang pituduh tumrap ummat Islam 1202

CXXIV. AL MUDDATSTSIR (WONG KANG KEMULAN) 1204

814. Tumrap wong kang selak ing Agama iku urusane Allah 1205
815. Sapa kang nampa Da'wah Islamiyah bakal begja, lan sapa kang maido bakal bilahi 1208
816. Ngrembag Alam lan Manungsa (ekologi) punika trep kalayan fungsi Manungsa dados Khalifah ing Bumi 1209

CXXV. AL QIYAMAT (DINA QIYAMAT) 1212

817. Piwulang bab Akhlaq (Ethics) ing agami Islam kelayan sistem derajat-derajatipun (ammarah, lawwamah, lan muthmainnah) 1213
818. Tertib Ayat-ayat sarta surat-surat ing Quraan iku miturut katamtuaNe Allah 1214
819. Sadaya anggota badaning manungsa badhe dados saksi 1214
820. Kahanane manungsa manawa sakaratulmaut 1215
821. Manungsa katitahake dening Allah ora muspra tanpa piguna 1216

CXXVI. AL INSAAN (MANUNGSA) 1218

822. Proses kadadeaning manungsa 1218
823. Ganjaraning Allah kaparingake wong kang amal kabecikan, sarta namtokake pangkat-pangkate ganjaran 1219
824. Allah paring pirang-pirang tuntunan marang Muhammad s.a.w. 1221

CXXVII. AL MURSALAAT (PARA MALAIKAT KANG KAUTUS) 1223

825. Situasi lan kondisining para manungsa ing dina Kaputusan Agung 1223
826. Artosipun Yaumul fashl 1228

CXXVIII. AN NABA' (PAWARTA KANG WIGATI) 1229

J U Z 30 1229

827. Panguwasaning Allah ngipuk-ipuk Jagad raya lan pirang-pirang kani'matan kang kaparingake marang manungsa, iku tandha yekti bakal kuwasaNe Allah nangek ake ummat saka kuburan urip maneh 1229
828. Horeging dina Qiyamat 1231
829. Ing angkasa planit-planit sami benturan jalaran daya tarik-tinarik sampun ical sadaya 1231
830. Piwalese tumrap wong kang padha duraka 1231
831. Ni'mating ganjaran tumrap wong kang padha taqwa 1232
832. Dhawuhing Allah supaya manungsa padha milih dalan kang bener marang Pangeran 1233

CXXIX. AN NAZI'AAT (LINTANG-LINTANG KANG ALIHANE RIKAT) . . . 1235

833. Sejarah Nabi Musa a.s. lan Fir'aun 1236
834. Mungguhing Allah luwih gampang nangekake manungsa saka kubur, tinimbang nitahake Jagad raya 1238
835. Ana ing dina Qiyamat iku manungsa eling apa tumindake nalika urip ing alam Donya 1238
836. Punapa ingkang nuwuhaken ilmu pertanian lan peternakan ranch? 1238

CXXX. 'ABASA (DHEWEKE MRENGUT) 1241

837. Aruh-aruh kalawan alus tumrap Rasulullah s.a.w. 1241
838. Allah paring pepeling marang manungsa kang ora dunung hakekat tumitahe. 1242

CXXXI. AT TAKWIR (NGGULUNG) 1246

839. Manungsa eling tumindake nalika ana ing Donya, sawuse weruh lelakon anggegirisi ing Akherat 1246
840. Muhammad iku dudu wong owah akale, nanging Utusaning Allah kang kapatingan ngampil Kitab Quraan 1246

CXXXIII. AL INFITHAAR (KASIGAR) 1250

841. Cacad gedhe tumrap wong kang duraka ing Allah 1250
842. Sakabehing peri-lakune manungsa dicathet dening Malaikat, lan nampa piwales kang satimbang 1251

CXXXIII. AL MUTHAFFIFIIN (WONG KANG PADHA CURANG) 1253

843. Ancaman tumrap wong kang naker lan nimbang kalawan curang! 1253
844. Nasibe wong kang duraka ing dina Qiyamat 1254
845. Kabegjan agung tumrap wong kang padha bekti ing Allah, besuk ing dina Qiyamat 1255
846. Tumrap wong kang ngiwi-iwi marang wong Mu'min, bakal diwales ing dina Qiyamat 1256

CXXXIV. AL INSYIQAAQ (KABENGKAH) 1258

847. Manungsa ngalami proses panguripan sathithik mbaka sathithik 1259

CXXXV. AL BURUUJ (DHOMPOLAN LINTANG) 1261

848. Wong kang mungsuhi Muhammad s.a.w. bakal bilahi, kaya kasangsarane ummat jaman kuna mungsuhi Rasul 1261

CXXXVI. ATH THAARIQ (KANG TEKA ING WAYAH BENGI) 1264

849. Allah kang Murbawasesa ngawiti tumitahe makhluk, lan kuwasa uga nangekake saka kubur ! 1264
850. Kitab Quraan ambedakake kalawan terang, antarane kang haq lan kang batal 1265

CXXXVII. AL A'LAA (KANG MAHA LUHUR) 1267

851. Maca tasbih lan nuceni jiwane dhewe iku bakuning karaharjan Donya lan - Akherat 1267

kaca :

CXXXVIII. AL GHAASYIYAH (LALAKON KANG ANGGEGIRISI) 1270

852. Kahanane wong kang padha manggon ing Neraka, lan ana ing Suwarga 1270
853. Diprayogakake nyatitekake tumitahing titah ing 'alam Jagadrat 1271
854. Da'wah Islam angginakaken sistem Ilmu kesehatan Jiwa (hygiene mental health) 1271

CXXXIX. AL FAJR (FAJAR) 1273

855. Kasugihan lan kamelaratan iku cobaning Allah, mula sing prayitna! 1274
856. Wong kang padha dhemen leluwihan ing bandha kadonyan ing dina Akherat padha getun 1275
857. Diajeni dening Allah manungsa kang sampurna imane 1276

CD. AL BALAD (NEGARA) 1277

858. Urip iku perjoangan, jer basuki mawa beya! 1277
859. Mbangun Desa ana ing Negara modern 1279

XDI. ASY SYAMS (BASKARA) 1280

860. Manungsa kaparingan wisik ing Allah, anggraita dalan bener lan salah 1280

XDII. AL LAIL (WAYAH WENGI) 1282

861. Manungsa marsudi ing idham-idhaman iku mardika, nanging kang penting Ridhaning Allah 1282

XDIII. ADH DHUHAA (WAYAH ESUK) 1285

862. Aktivis Da'wah Islam "walau aayah!" 1286

XDIV. AL INSYIRAH (KAJEMBARAN) 1287

XDV. AT TIIN (WOH TIN) 1289

863. Tumitahing manungsa iku blegering wujude becik dhewe 1289
864. Bobot kamulyaning manungsa ana ing iman lan amale 1290

XDVI. AL 'ALAQ (PRONGKOLAN GETIH KENTHEL) 1291

865. Maca nulis iku kuncining kawruh 1291
866. Manungsa owah dadi ala, sabab dening manungsa sugih (linuwih) 1292

XDVII. AL QADR (WENGI KANG MULYA) 1294

867. Lailatul Qadr kang minulya 1294

XDVIII. AL BAYYINAH (CIHNA) 1295

868. Ahli Kitab padha bendheng ceweng ngadhepi Muhammad s.a.w. 1295
869. Sifating para Nabi: amanat, tabligh, sidiq, lan fathonah 1296

XDIX. AL ZALZALAH (HOREG) 1297

D. AL 'AADIYAAT (JARAN KAPALERI KANG MLAYU BANTER) 1299

870. Manungsa dadi kumet ambedhidhil, jalaran banget senenge ing dhuwit 1299

DI. AL QAARI'AH (DINA QIYAMAT) 1301

DII. AT TAKAATSUR (JOR-JORAN MOBRA MOBRO) 1303

871. Ancamaning Allah tumrap wong kang nglirwakake Agama lan urip mobra-mobro! 1303

DIII. AL 'ASHR (MANGSA) 1305

872. Wekdal punika namtokaken sanget 1305

DIV. AL HUMAZAH (WONG DHEMEN NACAT ING LIYAN) 1306

873. Cilaka tumrap wong kang numpuk-numpuk bandha ora kanggo dedana ing dalaning Allah 1306

DV. AL FIIL (GAJAH) 1308

874. Wadyabala kang numpak Gajah kang nggrebeg Ka'bah ing Mekkah ajur mumur dening benduning Allah 1308

DVI. AL QURAISY (TRAH QURAISY) 1309

875. Kamakmuran sarta kaamanan samesthine nyebabke manungsa bekti ing Allah 1309

DVII. AL MAA'UUN (BARANG KANG PIGUNA) 1310

876. Sawatara sipat kang kawawas ateges anggorohake Agama 1310

DVIII. AL KAUTSAR (NI'MAT KABECIKAN KANG AKEH) 1312

877. Ibadah Shalat lan Qurban iku pertandha syukur ing Allah 1312

DIX. AL KAAFIRUUN (WONG WONG KAFIR) 1313

878. Ora ana toleransi ana ing perkara Iman lan Ibadat 1313

DX. AN NASHR (PITULUNG) 1314

879. Pitulungan lan kamenangan iku saka ngarsa dalem Allah, mula padha mujiya syukur 1314

DXI. AL LAHAB (MULAD MULADE GENI) 1315

880. Wong kang dhemen pitenah ing liyan mesthi bakal sengsara 1315

DXII. AL IKHLASH (NYUCEKAKE KA-ESA-ANING ALLAH) 1316

881. Makna Ka Esa-aning Allah 1316

DXIII. AL FALAQ (PADHANGING SUBUH) 1317

882. Hamung marang Allah piyambak para manungsa nyuwun reksa saka pialaning piala 1317

DXIV. AN NAAS (MANUNGSA) 1318

883. Ing ngarsa dalem Allah piyambak manungsa iku nyuwun reksa saka panggodhaning syetan 1318

—ooOoo—

— Donga khatam AL QURAANUL KARIIM 1319

— Katarangan sawatawis ingkang wigatos murakabi :

Bab. I KITAB SUCI AL QURAAN 1325
1. Tatakrami maos Al Quraan
2. Definisi Al Quraan
3. Tehnis tumurunipun Al Quraan
4. Rumeksa kamurnianipun Al Quraan
5. Riwayat Andika Nabi ing salebeting Quraan
6. Mushhafusy Syarif saking edisi Pakistan
7. Sujud Tilawah

Bab II. RUKUN ISLAM 1330
1. Syahadat Kakalih
2. Ibadah Shalat
3. Ibadah Shiyam
4. Ibadah Zakat
5. Ibadah Hajji

Bab III. RUKUN IMAN 1352
1. Iman dhumateng Allah
2. Iman dhumateng para Malaikat
3. Iman dhumateng Kitab-Kitab
4. Iman dhumateng para Rasul
5. Iman dhumateng dinten Akhir
6. Iman dhumateng Papesthen

Bab IV. SYAFA'AT 1355

Bab. V. KABECIKAN (AL BIRRU) 1362
1. Filsafat Islam mawas gesang ing 'Alam Donya dumugi gesang langgeng ing 'Alam Akherat
2. Nyinau lan nindakake Agami Islam

Bab VI. HAYUNING BAWANA 1365